# МУХАДДЕС КИТАП

Мухаддес Китапты аўдарыў институты
2022

**МУХАДДЕС КИТАП**

Қарақалпак тилиндеги Мухаддес Китаптың электрон ҳәм аудио нусқаларын Мухаддес Китапты аўдарыў Институтының сайтынан жүклеп алыўға болады: *https://ibt.org.ru/ru/media?id=KRK/cyrl*

Сөзликтеги сүўретлемелер:
*Horace Knowles © The British & Foreign Bible Society 1954, 1967, 1972*

Сызылмалар ҳәм сүўретлемелер:
Мухаддес шатыр; Патша Сулайман қурдырған Ибадатхана
*© ӨзМКЖ, 2006*

Патша Ҳирод қурдырған Ибадатхана жойбары Ийса Масийх дәўиринде
Патша Ҳирод қурдырған Ибадатхана Ийса Масийх дәўиринде
*Horace Knowles © The British & Foreign Bible Society 1954, 1967, 1972*

Карталар:
*© UBS, 1994; © UBS 1999; © B & H Publishing Group, 1998;*
*© Lion Hudson PLC, 2004*

ISBN 978-5-93943-309-9 © Институт перевода Библии, 2022

# Мазмуны

**Алғы сөз** . . . . . . . . . . 7

## Мухаддес Китап ишиндеги китаплар

**Ески келисим**


| | | |
|---|---|---|
| Жаратылыс китабы | Жар | 13 |
| Шығыў китабы | Шығ | 95 |
| Лебийлилер китабы | Леб | 163 |
| Санлар китабы | Сан | 212 |
| Нызамның қайталаныўы | Нзм | 281 |
| Ешуа китабы | Ешу | 342 |
| Бийлер китабы | Бий | 382 |
| Рут китабы | Рут | 423 |
| Патшалар туўралы биринши китап | 1Пат | 430 |
| Патшалар туўралы екинши китап | 2Пат | 484 |
| Патшалар туўралы үшинши китап | 3Пат | 530 |
| Патшалар туўралы төртинши китап | 4Пат | 582 |
| Биринши жылнама китабы | 1Жлн | 633 |
| Екинши жылнама китабы | 2Жлн | 681 |
| Эзра китабы | Эзр | 738 |
| Нехемия китабы | Нхм | 756 |
| Эстер китабы | Эст | 780 |
| Аюп китабы | Аюп | 794 |
| Забур | Заб | 849 |
| Сулайманның ҳикметлери | Ҳкм | 984 |
| Ўазшы китабы | Ўаз | 1025 |
| Қосықлар қосығы | Қсқ | 1040 |
| Ийшая пайғамбардың китабы | Ийш | 1049 |
| Еремия пайғамбардың китабы | Ерм | 1151 |
| Еремияның жоқлаўы | Жоқ | 1253 |
| Езекиел пайғамбардың китабы | Езк | 1264 |
| Даниел пайғамбардың китабы | Дан | 1343 |
| Ҳошеа пайғамбардың китабы | Ҳош | 1369 |
| Иоел пайғамбардың китабы | Иол | 1387 |
| Амос пайғамбардың китабы | Амо | 1395 |
| Обадия пайғамбардың китабы | Обд | 1409 |
| Юнус пайғамбардың китабы | Юнс | 1412 |

Миха пайғамбардың китабы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . Мих . . . . . . . 1416
Нахум пайғамбардың китабы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . Нах . . . . . . . 1427
Хабаққуқ пайғамбардың китабы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . Хаб . . . . . . . 1432
Сефания пайғамбардың китабы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . Сеф . . . . . . . 1438
Хаггай пайғамбардың китабы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . Хаг . . . . . . . 1444
Зехария пайғамбардың китабы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . Зхр . . . . . . . 1448
Малахия пайғамбардың китабы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . Мал . . . . . . . 1464

**Жаңа келисим**

Матта жазған Хош Хабар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . Мат . . . . . . . 1473
Марк жазған Хош Хабар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . Мрк . . . . . . . 1534
Лука жазған Хош Хабар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . Лук . . . . . . . 1573
Юхан жазған Хош Хабар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . Юхн . . . . . . . 1636
Елшилердиң ислери . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . Елш . . . . . . . 1683
Яқыптың хаты . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . Яқп . . . . . . . 1742
Петрдиң биринши хаты . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1Пет . . . . . . . 1749
Петрдиң екинши хаты . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 2Пет . . . . . . . 1757
Юханның биринши хаты . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1Юхн . . . . . . 1762
Юханның екинши хаты . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 2Юхн . . . . . . 1769
Юханның үшинши хаты . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 3Юхн . . . . . . 1771
Яҳуданың хаты . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . Яҳу . . . . . . . 1773
Римлилерге жазылған хат . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . Рим . . . . . . . 1776
Коринфлилерге жазылған биринши хат . . . . . . . . . . . . . . 1Кор . . . . . . . 1804
Коринфлилерге жазылған екинши хат . . . . . . . . . . . . . . . 2Кор . . . . . . . 1830
Галатиялыларға жазылған хат . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . Гал . . . . . . . 1848
Эфеслилерге жазылған хат . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . Эфс . . . . . . . 1858
Филиплилерге жазылған хат . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . Фил . . . . . . . 1867
Колосалыларға жазылған хат . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . Кол . . . . . . . 1874
Салоникалыларға жазылған биринши хат . . . . . . . . . . . . 1Сал . . . . . . . 1881
Салоникалыларға жазылған екинши хат . . . . . . . . . . . . . 2Сал . . . . . . . 1887
Тимофейге жазылған биринши хат . . . . . . . . . . . . . . . . . 1Тим . . . . . . . 1891
Тимофейге жазылған екинши хат . . . . . . . . . . . . . . . . . . 2Тим . . . . . . . 1899
Титусқа жазылған хат . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . Тит . . . . . . . 1904
Филимонға жазылған хат . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . Флм . . . . . . . 1908
Еврейлерге жазылған хат . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . Евр . . . . . . . 1910
Юханға Қудай тәрепинен көрсетилген Аян . . . . . . . . . . . Аян . . . . . . . 1931

# Қосымша материаллар

**Әййемги қолжазбалардағы айырмашылықлар** . . . . . . . . . . . . . . . . 1962

**Сөзлик** . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1971

**Ески Келисимдеги өлшем бирликлер** . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 2005

**Сүўретлер** . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 2006

**Диаграмма бойынша көрсетилген**
**Израил халқының тарийхы** . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 2010

**Израил халқының календары** . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 2011

**Мухаддес Китап қолжазбаларының фото сүўретлери** . . . . . . . . . 2012

**Карталар** . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 2016

# Алғы сөз

Сизлерге Мухаддес Китаптың қарақалпақ тилине аўдарылған барлық китабын усынып атырмыз. Мухаддес Китап 66 китаптан ибарат болып, грек тилинде Библия деп аталады ҳәм бул «китаплар» деген мәнини билдиреди. Усы китаплардың базылары «Таўрат», «Забур» ҳәм «Инжил» атамалары менен халқымыз арасында кеңнен танылған.

Мухаддес Китап – бул инсан тарийхындағы ең уллы китаплардың бири болып, әййемги халықлардың өмири ҳаққында айрықша түсиник береди. Сондай-ақ, бул тарийхый баҳалы документтен де жоқары, өйткени Мухаддес Китап Қудайдың инсанлар менен болған қарым-қатнасы, Қудайдың Өзи ҳаққында ашып бериўи ҳәм Өзиниң еркин билдириўи туўрысындағы жазыўлар. Бул Китап адам болып туўылған Қудайдың Сөзиниң өмири ҳәм тәлими ҳаққында гүўалықты усынады. Мухаддес Жазыўдың толық мәниси тарийхый яднама сыпатында ямаса әдебийлик усылына баҳа бериў ушын оқыйтуғынларға ашылмайды, ал оны Жаратыўшымыз Өз халқына не айтатуғынын билиўди қәлеп оқығанлар ушын ашылады.

Мухаддес Китап еки бөлимнен: Ески Келисимнен ҳәм Жаңа Келисимнен ибарат.

Ески Келисим 39 китаптан ибарат болып, әййемги еврей ҳәм арамей тиллеринде жазылған. Көплеген алымлардың пикири бойынша, Ески Келисим китаплары б. э. ш. дәўирде, яғный Ийса туўылмастан алдынғы дәўирде бир ярым мың жыл даўамында жазылған. Ески Келисимниң әййемги еврейше тексти бизлердиң дәўиримизге дейин жетип келген, себеби әййемги қолжазбалар муқыятлы түрде көширилип, әўладтан-әўладқа жеткерип берилген.

Ески Келисим – бул әййемги китаплардың жыйнағы болып, тек ғана диний китаплар емес, ал мәдениият ҳәм тарийхты өз ишине алып, Қудайдың Израил халқы менен болған қарым-қатнасын сәўлелендиреди. Булар яҳудийлер ушын да, масийхыйлар ушын да мухаддес китаплар болып есапланады. Биринши бес китап «Таўрат», ал базыда «Муўсаның бес китабы» деп аталады, себеби Қудай Өзи таңлаған Израил халқына Муўса арқалы Өз нызамларын жибереди. Таўраттың биринши китабында Қудайдың дүньяны ҳәм ондағы барлықты

жаратқаны ҳаққында ҳәм Қудайдың буйрығын бузып, адамзатты гүнаға батырған Адам-ата менен Ҳаўа-енени жаратқаны ҳаққында сөз етиледи. Таўраттың кейинги төрт китабында Израил халқының Мысыр жеринде 400 жыл даўамында қуллықта азап шегиўи, қуллықтан азат болыўы, Қудай ўәде қылған Қанан жерине қарай жол жүриўи ҳәм Қудайдың Муўса арқалы берген Мухаддес Нызамлары менен баслы буйрықлары ҳаққында айтылады. Усыдан кейинги китапларда израиллылардың өзлерине ўәде қылынған Қанан жерин басып алыўы, ол жердеги израиллылардың өмири, Израил патшаларының алып барған урыслары, олардың табыслары ҳәм жеңилислери ҳаққында сөз етиледи.

Ески Келисимде бийлер, Израил патшалығындағы пайғамбарлар, басқа халықлар менен байланыслы ўақыялар ҳаққында айтылған тарийхый китаплар менен бирге, нәсият, поэма ҳәм келешек ҳаққында жазылған пайғамбаршылық китаплары да бар. Пайғамбаршылық китапларында Қудайдың Өз сөзине садықлығы айтылады. Израил халқы Қудайдан алыслағанда ескертилип, келешекте болатуғын таң қаларлық ҳәм қорқынышлы ўақыялар ҳаққында алдын ала сөз етиледи. Жәнe де, бул китапларда Қудайдың Өз халқын қайта тиклеў ушын берген ўәдеси ҳәм халықтың келешектеги үмити ҳаққында да айтылады.

Ески Келисим жәнe де, Забур китабын өз ишине алады. Бул китап Қудайды алғыслаў жырларынан, қосық қатарларынан, дуўа ҳәм жалбарыныўлардан ибарат. Соның менен бирге, Аюп, Сулайманның ҳикметлери, Ўазшы китаплары терең философиялық пикирлерден, даналық ҳәм афоризм, яғный өткир сөзлерден, ақыл ҳәм нәсиятлардан ибарат.

Жаңа Келисим, яғный Инжил 27 китаптан ибарат болып, булар әййемги грек тилинде Ийса Масийх туўылғаннан кейинги дәўирде, б. э. I әсириниң ақырына дейин жазылған. Әййемги қолжазбалар муқыятлы түрде көширилип, әўладтан-әўладқа жеткерип берилгенликтен, ҳәзирги дәўирге жетип келген. Жаңа Келисимниң биринши төрт китабы Хош Хабардан ибарат болып, онда дүньяның Қутқарыўшысы Ийса Масийхтың өмири, тәлими, өлими, қайта тирилиўи ҳәм аспанға көтерилиўи ҳаққында сөз етиледи. Кейин Елшилердиң ислери китабында Ийса аспанға көтерилгеннен соң масийхый жәмәәтлериниң биринши жыллары ҳәм Оның шәкиртлериниң Хош Хабарды Рим империясы бойлап қалай жәриялап баслағаны ҳаққында айтылады. Буннан соң Масийхтың елшилери тәрепинен масийхыйлар жәмәәтлерине ҳәм айырым адамларға қарата жазылған хатлар орын алған. Хатларда елшилер исениўшилерди исенимде беккем болыўға жигерлендиреди ҳәм Қудайға ылайықлы өмирде жасаўдың жол-жорықларын көрсетип, үгит-нәсиятлар береди. Жаңа Келисимниң ақырғы

китабы – бул Юханға Қудай тәрепинен көрсетилген Аян. Бунда Қудай Өзине қарсы турған күшти жеңип шығыўы, Масийхтың ақыретте жер жүзине қайта келиўи, дүньяның ҳүким етилиўи ҳәм дүньяның ақыры ҳаққында астарлы сөзлер менен баян етиледи.

Мухаддес Китапта баян етилген көп ўақыялар батыс Азияда болып өткен болса да, ондағы бийбаҳа ҳикметлер дүнья бойлап жайылып, көп халықлардың мәдениятын байытты. Адамзат тарийхында басқа китапларға қарағанда Мухаддес Китап көп тиллерге аўдарылған. Толық Мухаддес Китап бүгинги күнге дейин 700 ден аслам тиллерге, ал ишиндеги базы китаплар шама менен 3500 тилге аўдарылған.

Қолыңызға услап турған бул аўдарма Мухаддес Китапты Аўдарыў Институты (IBT) менен аўқамлас топары тәрепинен аўдарылып, тексериўден өткерилди. Бул үлкен исти әмелге асырыў ушын жыллар даўамында көплеген адамлар өз ўақытларын аямай, тынымсыз мийнет қылды. Тек ғана аўдарыўшылар емес, ал редакторлар, филолог ҳәм бир неше тил маманлары жазыўлардың сапалы болыўы ушын жәрдем берди.

Жаңа Келисим, Жаратылыс, Рут, Эстер ҳәм Юнус китаплары алдын да басып шығарылған еди. Толық Мухаддес Китапқа киргизиў ушын бул китаплар қайта көрип шығылды.

Мухаддес Жазыўды түсиниўге жәрдем бериў ушын, Мухаддес Китаптың артқы бөлиминде сөзлик, сүўретлемелер, карталар, диаграммалар ҳәм тағы да басқа қосымша материаллар берилген. Солардың ишинде әййемги қолжазбалардағы айырмашылықларды көрсететуғын дизим де бар. Мухаддес Китаптың текстлеринде берилген жулдызшалар (*) усы дизимге силтеме береди.

Және де, электрон түриндеги Мухаддес Китапты интернеттеги www.ibt.org.ru/muxaddes-kitap сайтынан таба аласыз. Бул электрон оқыў қуралларын компьютер ҳәм уялы телефон сыяқлы үскенелерге жүклеп алып, олардан пайдаланыўыңызға болады.

Мухаддес Китапты Аўдарыў Институты (IBT) Китаплар Китабын қарақалпақ тилинде баспаға таярлаў ушын қатнасқанлардың ҳәммесине өз миннетдаршылығын билдиреди.

Бизлердиң үмитимиз ҳәм дуўамыз мынадан ибарат: бул аўдарма қарақалпақ халқына Қудайдың даўысын, Қудайдың Хош Хабарының толықлығын жеткерип, адамлардың Оған исениўине ҳәм усы Хош Хабар бойынша өмир сүриўине жәрдем береди.

Қудай Таалаға шүкирлер айтамыз ҳәм миннетдаршылығымызды билдиремиз. Жалғыз Қудайға алғыс-мақтаўлар болсын!

# ЕСКИ КЕЛИСИМ

# Жаратылыс китабы

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Жаратылыс китабы Таўраттың биринши китабы болып, онда дүньяның жаратылыўы, адамзаттың пайда болыўы, гүнаға батыўы, адамзаттың тарийхы, соңынан Қудай таңлап алған Ибрайым ҳәм оның урпақлары ҳаққында сөз етиледи.

Жаратылыс китабының биринши бөлиминде (1–11 баплар) дүньяның ҳәм адамзаттың Ибрайымға дейинги дәўири гүрриң етиледи. Қудай ҳәмме нәрсени әжайып қылып жаратқан еди, бирақ ең биринши жаратылған еки адам – Адам-ата менен Ҳаўаене Қудайға бойсынбай, дүньяға гүна алып келеди.

Адамлар соншелли гүнаға батқанлықтан, Нух ҳәм оның хожалығынан басқа пүткил адамзатты қырып таслаў ушын, Қудай жер жүзине топан суўын жибериўди шешеди. Топан суўынан кейин, халықлар жер жүзи бойлап тарқала баслайды. Бирақ олардың көпшилиги Қудайға және бойсынбай қояды.

Жаратылыс китабының қалған бөлеги (12–50 баплар) Ибрайым ҳәм оның урпағына байланыслы болған ўақыяларды баянлайды. Қудай Ибрайымды шақырғанда, оған ўәде берип, былай деди: «Мен сеннен уллы халық дөретемен. Сени жарылқайман ҳәм атыңды мәртебели қыламан... Жер жүзиндеги барлық халықлар сен арқалы жарылқанады» (12:2-3).

Ибрайым ҳәм Сара Қанан жерине көшип барады. Себеби Қудай сол жерди олардың урпақларына бериўди ўәде еткен еди. Ибрайым ҳәм Сара қартайған шағында перзентли болып, оның атын Ысақ деп қояды. Кейин Ысақтан Яқып ҳәм Эсаў атлы еки перзент туўылады.

Китаптың ақырында Яқып ҳәм оның уллары хожалықлары менен бирге Мысырға көшип барып, сол жерде жасайды. Себеби Яқыптың улларының бири Юсуп Мысырға қул болып сатылып, кейин ала Мысырдың ҳүкимдары болады. Қудайдың бир күни Өз ўәдесин орынлайтуғынын билген Юсуп өз аға-инилерине Қудайдың оларды сол жерден алып шығып, ўәде еткен жерине алып баратуғынын айтады.

## Дүньяның жаратылыўы

1 1 Ең баста Қудай аспан ҳәм жер-
ди жаратты. 2 Жер түр-түссиз
қаңырап атырған болып, туңғыйық
үстин қараңғылық қаплаған еди. Ал
Қудайдың Руўхы болса, суўлардың
үстинде ушып жүр еди.
3 Сонда Қудай: «Жақтылық
болсын!» – деп буйырды ҳәм
жақтылық пайда болды. 4 Қудай
жақтылықтың жақсы екенин көрди
ҳәм оны қараңғылықтан ажыратты.
5 Солай етип, Қудай жақтылықты
«күндиз», ал қараңғылықты «түн»
деп атады. Кеш болып, таң атты.
Бул биринши күн еди.
6 Қудай: «Суўлар ортасында бир
гүмбез пайда болып, суўларды бир-
биринен айырып турсын!» – деп бу-
йырды. 7 Бул былай болды: Қудай
аспан гүмбезин жаратып, гүмбез ас-
тындағы суўларды гүмбез үстиндеги
суўлардан айырды. 8 Қудай гүмбезди
«аспан» деп атады. Кеш болып, таң
атты. Бул екинши күн еди.
9 Қудай: «Аспан астындағы суў-
лар бир жерге топланып, қурғақ-
лық көринсин!» – деп буйырды.
Солай болды да. 10 Қудай қурғақ-
лықты «жер» деп, ал топланған
суўларды «теңиз» деп атады. Қудай
бунның жақсы екенин көрди.
11 Қудай: «Жер жасыл шөплерди,
туқым шашатуғын өсимликлер-
ди ҳәм туқымы мийўесинде бол-
ған жемис ағашларын түр-түрине
қарай өндирсин!» – деп буйырды
ҳәм солай болды да. 12 Жер жасыл
шөплерди, түр-түрине қарай туқым
шашатуғын өсимликлерди ҳәм ту-
қымы мийўесинде болған жемис
ағашларын өндирди. Қудай бунның
да жақсы екенин көрди. 13 Кеш бо-
лып, таң атты. Бул үшинши күн еди.
14 Қудай: «Күндиз бенен түнди
бир-биринен айырыў ушын ҳәм
мәўсимлерди, күнлерди, жылларды
белгилеў ушын, аспан гүмбезин-
де жақтырткышлар пайда болсын.
15 Олар аспан гүмбезинде турып,
жер жүзин жақты қылсын!» – деп
буйырды. Солай болды да. 16 Қудай
үлкен еки жақтырткышты: күн-
дизди басқарыў ушын үлкен жақ-
тырткышты ҳәм түнди басқарыў
ушын киши жақтырткышты, және
де, жулдызларды да жаратты. 17-
18 Жер жүзин жақты қылып турыў
ушын, күндиз бенен түнди басқа-
рыў ушын ҳәм жақтылықты қараң-
ғылықтан айырыў ушын, Қудай
оларды аспан гүмбезине жайлас-
тырды. Қудай бунның да жақсы еке-
нин көрди. 19 Кеш болып, таң атты.
Бул төртинши күн еди.
20 Қудай: «Суўлар жанлы жа-
ныўарларға толсын! Жер үстин-
де аспан гүмбези бойлап қуслар
ушсын!» – деп буйырды. 21 Қудай
айбатлы теңиз жаныўарларын, суў-
ларда толып тасқан пүткил жаны-
ўарларды ҳәм ҳәр түрли қусларды
жаратты. Қудай бунның да жақсы
екенин көрди. 22 Қудай оларды жа-
рылқап: «Өсип-өнип, көбейиңлер,
теңиз суўларын толтырыңлар. Жер
жүзинде қуслар көбейсин!» – деди.
23 Кеш болып, таң атты. Бул бесин-
ши күн еди.
24 Қудай: «Жер түрли-түрли
жанлы жаныўарларды: маллар-
ды, жабайы ҳайўанларды ҳәм жер
баўырлаўшыларды өндирсин!» –
деп буйырды. Солай болды да.
25 Қудай түрли-түрли ҳайўанларды,

малларды ҳәм жер баўырлаўшы-
ларды жаратты. Қудай булардың
да жақсы екенин көрди.
26 Қудай: «Өз көринисимиздей
қылып, Өзимизге уқсатып, адам-
ды жаратайық. Олар теңиздеги ба-
лықлар, аспандағы қуслар, маллар,
жер баўырлаўшылар ҳәм жер бе-
тиндегилердиң ҳәммеси үстинен
ҳәкимлик етсин!» – деди. 27 Қудай
адамды Өзине уқсатып жаратты.
Оларды еркек ҳәм ҳаял етип жа-
ратты. 28 Қудай оларды жарыл-
қап: «Өсип-өнип, көбейиңлер.
Жер бетин толтырып, оны ийе-
леп алыңлар. Теңиздеги балықлар,
аспандағы қуслар, жер бетинде ҳә-
рекет етиўши барлық ҳайўанатлар
үстинен ҳәкимлик етиңлер!» – деди.
29 Қудай және былай деди: «Мине,
Мен сизлерге жер жүзиндеги ту-
қым шашатуғын барлық өсимлик-
лерди, туқымы миййўесинде болған
барлық жемис ағашларын бердим.
Олар сизлерге азық болады. 30 Ал
жер бетиндеги жабайы ҳайўанлар-
ға, аспандағы қусларға, жер баўыр-
лаўшыларға, улыўма жер бетинде
тиришилик етиўши барлық ҳайўа-
натларға азық ушын көк шөплерди
бердим». Солай болды да.
31 Қудай барлық жаратқанларына
қарап, олардың ҳәммесиниң де жү-
дә жақсы екенин көрди. Кеш болып,
таң атты. Бул алтыншы күн еди.

**2** 1 Усылайынша аспан ҳәм жер,
олардағы пүткил барлық жа-
ратылып болынды. 2 Қудай Өз исле-
рин жетинши күнге дейин тамамлап,
жетинши күни барлық ислеринен
дем алды. 3 Ол жетинши күнди жа-
рылқап, оны мухаддес етип айырды.
Себеби Ол усы күни Өзиниң барлық
жаратыўшылық ислеринен дем алды.
4 Мине, аспан ҳәм жердиң жара-
тылыў тарийхы усындай.

### Адам-ата ҳәм Ҳаўа-ене

Қудай Ийе аспан менен жерди
жаратқанда, 5 жер бетинде еле бир-
де бир дала путасы ямаса бирде бир
дала шөби өспеген еди. Өйткени
Қудай Ийе еле жерге жаўын жаў-
дырмаған болып, жерди тәрбия-
лайтуғын адам да жоқ еди. 6 Бирақ
жерден булақ суўы шығып, пүткил
жер жүзин суўғарып туратуғын еди.
7 Соңынан Қудай Ийе жердиң то-
пырағынан адамды жаратып, оның
мурнына өмир демин үпледи. Со-
лай етип, адам[a] тири жан болды.
8 Қудай Ийе шығыста, Эденде бир
бағ орнатып, Өзи жаратқан адамын
сол жерге жайластырды. 9 Кейин
Қудай Ийе көздиң жаўын алатуғын,
жеўге жақсы түрли-түрли миййўе
ағашларын жерден өсирип шығарды.
Ал бағдың ортасына өмир терегин
ҳәм жақсылық пенен жаманлық-
ты билиў терегин өсирип шығарды.
10 Эденнен бир дәрья ағып, бағды
суўғарды ҳәм ары қарай төрт тар-
маққа бөлинип кетти. 11 Олардың
бириншисиниң аты – Пишон болып,
ол алтын кәни болған пүткил Ха-
ўила жерин айланып ағады. 12 Ал-
тыны жақсы болған ол жерде хош
ийисли шайыр ҳәм оникс тасы бар.
13 Екинши дәрьяның аты – Гихон

---

a **2:7** *Адам* – еврейшеде адам («адам») ҳәм топырақ («адама») сөзлери бир бирине уқсайды.

болып, ол пүткил Куш жерин ай-
ланып ағады. **14** Үшинши дәрьяның
аты Тигр болып, ол Ашшурдың шы-
ғыс тәрепинен ағып өтеди. Төртин-
ши дәрьяның аты – Евфрат еди.
**15** Солай етип, Қудай Ийе Эден
бағын тәрбиялаўы ҳәм ғамхор-
лық қылыўы ушын адамды сол
жерге орналастырып, **16** оған: «Сен
бул бағдағы қәлеген терегиңниң
мийўесинен жей аласаң. **17** Бирақ
жақсылық ҳәм жаманлықты би-
лиў терегинен жеме, жесең сөзсиз
өлесең», – деп буйырды.
**18** Соңынан Қудай Ийе: «Адам-
ның жалғыз болғаны жақсы емес,
оған ылайықлы жәрдемши жарата-
ман», – деди. **19** Қудай Ийе жердеги
ҳайўанлардың, аспандағы қуслар-
дың ҳәммесин топырақтан жара-
тып, оларға қандай ат беретуғынын
билиў ушын, оларды адамға алып
келди. Адам ҳәр бирине қандай ат
қойса, сол жанлы жаныўар солай
аталатуғын болды. **20** Адам бар-
лық малларға, аспандағы қусларға
ҳәм жабайы ҳайўанларға ат қойды.
Бирақ адамның өзине ылайықлы
жәрдемши табылмады.
**21** Сонда Қудай Ийе адамға те-
рең уйқы берди ҳәм ол уйықлап
атырғанда, оның бир қабырғасын
алып, орнын ет пенен жаўып қойды.
**22** Қудай Ийе адамның қабырғасы-
нан ҳаялды жаратып, оны адамға
алып келди.
**23** Сонда адам былай деди:

«Мениң сүйеклеримнен
алынған сүйек,
Етимнен алынған ет минекей-ғо!
Ол ҳаял адам[a] деп аталсын,
Өйткени ол ер адамнан алынды».

**24** Сонлықтан ер адам ата-анасын
қалдырып, өз ҳаялына қосылады
ҳәм екеўи бир дене болады.
**25** Адам да, оның ҳаялы да жала-
ңаш еди, бирақ олар бир-биринен
уялмады.

### Адамның гүна ислеўи

**3** **1** Қудай Ийе жаратқан жаба-
йы ҳайўанлардың ишиндеги
ең ҳийлекери жылан еди. Жылан
ҳаялдан:
– Ҳақыйқаттанда да, Қудай бағ-
дағы ҳеш бир теректиң мийўеси-
нен жемең деди ме? – деп сорады.
**2** Ҳаял жыланға былай деп жуўап
берди:
– Бизлер бағдағы тереклердиң
мийўелеринен жей аламыз. **3** Би-
рақ Қудай: «Бағдың ортасындағы
теректиң мийўесинен жемең, оған
қол тийгизбең, болмаса өлип қала-
сыз», – деген еди.
**4** Жылан ҳаялға:
– Яқ, ҳасла өлмейсиз! **5** Себеби сол
теректиң мийўесинен жегениңиз-
де көзлериңиз ашылып, жақсылық
пенен жаманлықты билетуғыны-
ңызды ҳәм Қудай сыяқлы болату-
ғыныңызды Қудай биледи, – деди.
**6** Ҳаял теректиң мийўесиниң жеў-
ге жақсы ҳәм көзге жағымлы екенин
көрип, оннан билим алыўға болату-
ғынын билгенликтен, ҳәўеси келди.
Сонлықтан ол мийўени үзип алып
жеди ҳәм жанындағы күйеўине де

---

a **2:23** *Ҳаял адам* – еврей тилинде «иш» – еркек, «иша» – ҳаял деген мәнисти билдиреди. Ҳаял сөзи еркек сөзиниң түбиринен келип шыққан.

берди. Күйеўи де жеди. 7 Сол ўақыт-
та-ақ екеўиниң де көзлери ашы-
лып, өзлериниң жалаңаш екенин
билди. Олар әнжир ағашларының
жапырақларын бир-бирине тигип,
өзлери ушын жапқышлар иследи.
8 Олар күнниң ыссылығы қайт-
қан ўақытта, бағдың ишинде Қудай
Ийениң жүргенин еситти ҳәм Оннан
тасаланып, бағдағы тереклердиң
арасына жасырынды. 9 Бирақ Қудай
Ийе адамды даўыслап шақырып:
– Қай жердесең? – деди.
10 Сонда адам:
– Бағда жүргениңди еситкенимде
қорқып кеттим. Мен жалаңаш бол-
ғанлықтан жасырындым, – деди.
11 Қудай Ийе адамнан:
– Жалаңаш екенлигиңди саған
ким айтты? Я болмаса, Мен жеме
деп буйырған теректиң мийўеси-
нен жедиң бе? – деп сорады.
12 Адам:
– Сен маған берген ҳаял теректиң
мийўесинен берди, мен де жедим, –
деп жуўап берди.
13 Қудай Ийе ҳаялға:
– Бул не қылғаның? – деди.
Ҳаял:
– Жылан мени алдады, сонлық-
тан мен жедим, – деди.
14 Сонда Қудай Ийе жыланға бы-
лай деди:
– Сен бул исиң ушын барлық мал-
лар ҳәм жабайы ҳайўанлар арасы-
нан шетлетилип, нәлетий боласаң.
Өмириң бойы жер баўырлап, то-
пырақ жейсең. 15 Мен сениң менен
ҳаялды, оның урпағы менен сениң
урпағыңды бир-бирине душпан
етип қояман. Оның урпағы сениң
басыңды езеди, ал сен оның таба-
нын шағасаң.
16 Соңынан Қудай Ийе ҳаялға:
– Ҳәмиледарлық ўақтында аўыр
азап шектиремен, қыйналып туўа-
туғын боласаң. Сен күйеўиңе қуш-
тар боласаң, ол сени басқаратуғын
болады, – деди.
17 Ал адамға былай деди:
– Ҳаялыңның сөзин тыңлап, Мен
жеме деп буйырған теректиң мий-
ўесинен жегениң ушын, жер сен се-
бепли нәлетленеди. Өмириң бойы
аўыр мийнет етип, жерден азығың-
ды таўып жейтуғын боласаң. 18 Сен
дала шөплерин аўқат етесең, жер сен
ушын шеңгел ҳәм ошаған өсиреди.
19 Жерге қайтқаныңша, наныңды
маңлай териңди төгип табатуғын
боласаң. Өйткени сен топырақсаң,
топырақтан жаратылғаның себепли
және топыраққа айланасаң.
20 Адам өзиниң ҳаялын Ҳаўа[a] деп
атады, себеби ол пүткил адамзат-
тың түп анасы болды.
21 Қудай Ийе Адам ҳәм оның ҳа-
ялы ушын териден кийим ислеп,
оларды кийиндирди. 22 Соңынан
Қудай Ийе былай деди: «Мине,
адам жаманлық пенен жақсы-
лықты билип, Бизлердиң бири-
миз сыяқлы болды. Енди ол өмир
терегине қолын созып, оның мий-
ўесин алып жемесин ҳәм мәңгилик
өмир сүрмесин».
23 Солай етип, өз денеси жа-
ратылған топырақты тәрбиялаў
ушын, Қудай Ийе адамды Эден
бағынан шығарып жиберди. 24 Ол
адамды қуўып шығарып жибер-
ди ҳәм өмир терегине баратуғын

---

a **3:20** *Ҳаўа* – еврей тилинде «өмир» дегенди билдиреди.

жолды қорғаў ушын Эден бағының
шығыс тәрепине керублардыа[a] ҳәм
ҳәр тәрепке айланып туратуғын
отлы қылышты қойды.

### Каин ҳәм Абыл

4 1 Адам ҳаялы Ҳаўа менен жақын-
ласқаннан соң, ҳаялы ҳәмиледар
болып, Каинды туўды. Сонда Ҳаўа:
«Мен Жаратқан Ийениң жәрдеми
менен адамды дүньяға келтирдим», –
деди. 2 Соңынан ол тағы да Каинның
иниси Абылды туўды. Абыл шо-
пан, ал Каин дийхан болды. 3 Ара-
дан бир неше ўақыт өткеннен соң,
Каин жердиң өниминен Жаратқан
Ийеге қурбанлық берди. 4 Абыл да
өзиниң сүриўиндеги туңғыш төллер-
диң бир нешесин әкелип, олардың
майлы бөleклерин қурбанлыққа
берди. Жаратқан Ийе Абылды ҳәм
оның қурбанлығын қабыл етти. 5 Би-
рақ Каинды ҳәм оның қурбанлығын
қабыл етпеди. Сонда Каин қатты
ашыўланып, қабағы қарыс жаўылды.
6 Жаратқан Ийе Каинға:
– Сен не ушын ашыўланасаң? Не-
ге қабағың қарыс жаўылады? 7 Егер
нийетиң жақсы болса, басыңды
көтерип жүрмес пе едиң? Бирақ,
егер нийетиң жаман болса, есик
алдында гүна жатыр. Ол сени өзи-
не тартады, бирақ сен оннан үстем
бол, – деди.
8 Каин иниси Абылға:
– Жүр, атызға барайық! – деди.
Олар атызда болған ўақытта Ка-
ин иниси Абылға топылып, оны
өлтирди.
9 Жаратқан Ийе Каиннан:
– Иниң Абыл қай жерде? – деп
сорады.
Ол:
– Билмеймен, мен не инимниң қа-
раўылыман ба? – деп жуўап берди.
10 Сонда Жаратқан Ийе былай
деди:
– Сен не ислеп қойдың? Иниң-
ниң қаны Маған жерден нала етип
атыр. 11 Сениң өз қолың менен өл-
тирген иниңниң қанын ишиў ушын
аўзын ашқан жерден енди сен қу-
ўып жиберилип, нәлетий боласаң.
12 Буннан былай, тәрбиялаған же-
риң өним бермейтуғын болады ҳәм
сен жер бетинде турақлай алмай,
гезендеге айланасаң.
13 Каин Жаратқан Ийеге:
– Мениң жазам көтере алмайту-
ғын дәрежеде аўыр. 14 Бүгин Сен
мени бул жерлерден қуўып атыр-
саң, енди мен Сениң көзиңнен таса
болып, бир жерде турақлай ал-
май, гезендеге айланаман. Мени
дус келген адам өлтирип кетиўи
мүмкин-ғо, – деди.
15 Сонда Жаратқан Ийе оған:
– Яқ! Егер ким де ким сени өл-
тирсе, оннан жети есе өш алына-
ды, – деди.
Солай етип, Каинға дуслас-
қан ҳеш бир адам оны өлтирмеўи
ушын, Жаратқан Ийе оған бир бел-
ги салды. 16 Каин Жаратқан Ийениң
жанынан кетип, Эденниң шығысын-
дағы Нод[b] деген жерге орналасты.

### Каинның урпақлары

17 Каин ҳаялы менен жақынлас-
қаннан соң, ҳаялы ҳәмиледар болып,

---

[a] **3:24** *Керуб* – қанатлы руўхый барлық.
[b] **4:16** *Нод* – «сергизданлық» дегенди билдиреди.

Ханохты туўды. Сол ўақытта Каин
бир қала салып атыр еди. Ол қа-
лаға улы Ханохтың атын қойды.
**18** Ханохтан Ирад туўылды. Ирад-
тан Мехуяел, Мехуяелден Метуша-
ел, Метушаелден Ламех туўылды.
**19** Ламех еки ҳаял алды: бирин-
шисиниң аты – Ада, екиншисиниң
аты – Силла еди. **20** Ада Ябалды
туўды. Ол шатырларда жасаўшы
шарўалардың түп бабасы болды.
**21** Инисиниң аты Юбал еди. Ол бар-
лық лира[a] ҳәм сыбызғы шертету-
ғынлардың түп бабасы болды. **22** Ал
Силла Тубал-Қайынды туўды. Ол
барлық қола ҳәм темир қуралларын
ислеўши болды. Тубал-Қайынның
қарындасы Наама еди.
**23** Ламех ҳаялларына былай деди:

«Ҳәй, Ада ҳәм Силла, мени
тыңлаңлар!
Ламехтиң ҳаяллары,
Сөзиме қулақ салыңлар!
Мени жарақатлағаны ушын
бир ер адамды,
Урғаны ушын бир жас жигитти
өлтиремен.
**24** Егер Каин ушын өш алынса
жети есе,
Ламех ушын өш алынар жетпис
есе».

### Шет ҳәм Энош

**25** Адам ҳаялы менен тағы жа-
қынласқаннан соң, ҳаялы бир ул
туўды. Ол: «Қудай Каин өлтир-
ген Абылдың орнына маған бас-
қа перзент берди», – деп, балаға
Шет[b] деп ат қойды. **26** Шеттен де
бир ул туўылып, оның атын Энош
деп қойды.

Адамлар сол ўақыттан баслап
Жаратқан Ийениң атын айтып ша-
қыра баслады.

### Адам-атадан Нухқа дейинги урпақлар

**5** **1** Адамның шежиреси мынадай:
Қудай адамды жаратқан-
да, оны Өзине уқсатып жаратты.
**2** Оларды еркек ҳәм ҳаял қылып жа-
ратты ҳәм сол күни оларды жарыл-
қап, оларға «адам» деп ат қойды.
**3** Адам бир жүз отыз жасқа шық-
қанда, өзине уқсас, өзиниң бийне-
синдей бир балалы болып, оған
Шет деп ат қойды. **4** Шет туўылған-
нан соң, Адам және сегиз жүз жыл
жасады. Оның басқа да уллары ҳәм
қызлары болды. **5** Адам барлығы
болып тоғыз жүз отыз жыл өмир
сүрип, қайтыс болды.
**6** Шет бир жүз бес жасқа шыққан-
да, улы Энош туўылды. **7** Энош ту-
ўылғаннан соң, Шет және сегиз жүз
жети жыл жасады. Оның басқа да
уллары ҳәм қызлары болды. **8** Шет
барлығы болып тоғыз жүз он еки
жыл өмир сүрип, қайтыс болды.
**9** Энош тоқсан жасқа шыққанда,
улы Кенан туўылды. **10** Кенан ту-
ўылғаннан соң, Энош және сегиз
жүз он бес жыл жасады. Оның бас-
қа да уллары ҳәм қызлары болды.
**11** Энош барлығы болып тоғыз жүз
бес жыл өмир сүрип, қайтыс болды.
**12** Кенан жетпис жасқа шыққан-
да, улы Маҳалалел туўылды. **13** Ма-
ҳалалел туўылғаннан соң, Кенан

---

[a] **4:21** *Лира* – бармақ пенен шертилетуғын тарлы саз әсбабы.
[b] **4:25** *Шет* – «қойыў», «бериў» дегенди билдиреди.

және сегиз жүз қырық жыл жасады. Оның басқа да уллары ҳәм қызлары болды. **14** Кенан барлығы болып тоғыз жүз он жыл өмир сүрип, қайтыс болды.

**15** Маҳалалел алпыс бес жасқа шыққанда, улы Еред туўылды. **16** Еред туўылғаннан соң, Маҳалалел және сегиз жүз отыз жыл жасады. Оның басқа да уллары ҳәм қызлары болды. **17** Маҳалалел барлығы болып сегиз жүз тоқсан бес жыл өмир сүрип, қайтыс болды.

**18** Еред бир жүз алпыс еки жасқа шыққанда, улы Энох туўылды. **19** Энох туўылғаннан соң, Еред және сегиз жүз жыл жасады. Оның басқа да уллары ҳәм қызлары болды. **20** Еред барлығы болып тоғыз жүз алпыс еки жыл өмир сүрип, қайтыс болды.

**21** Энох алпыс бес жасқа шыққанда, улы Метушелах туўылды. **22** Метушелах туўылғаннан соң, Энох үш жүз жыл даўамында Қудай менен тығыз байланыста жасады. Оның басқа да уллары ҳәм қызлары болды. **23** Энох барлығы болып үш жүз алпыс бес жыл жасады. **24** Ол Қудай менен тығыз байланыста жасады. Соңынан ол жер бетинен ғайып болды. Өйткени Қудай оны Өзиниң жанына алған еди.

**25** Метушелах бир жүз сексен жети жасқа шыққанда, улы Ламех туўылды. **26** Ламех туўылғаннан соң, Метушелах және жети жүз сексен еки жыл жасады. Оның басқа да уллары ҳәм қызлары болды. **27** Метушелах барлығы болып тоғыз жүз алпыс тоғыз жыл өмир сүрип, қайтыс болды.

**28** Ламех бир жүз сексен еки жасқа шыққанда, бир балалы болды. **29** Ол: «Жаратқан Ийениң нәлетлеген жери себепли шеккен азабымызды ҳәм мийнетимизди бул бала жеңиллетип, рәҳәт береди», – деп балаға Нух[a] деп ат қойды. **30** Нух туўылғаннан соң, Ламех және бес жүз тоқсан бес жыл жасады. Оның басқа да уллары ҳәм қызлары болды. **31** Ламех барлығы болып жети жүз жетпис жети жыл өмир сүрип, қайтыс болды.

**32** Нух бес жүз жыл жасағаннан соң, уллары Сам, Хам ҳәм Яфет туўылды.

### Нух ҳәм оның кеме соғыўы

**6** **1** Жер бетинде адамлар көбейе баслады. Олардан қызлар да туўылды. **2** Иләҳий барлықлар[b] адамлардың қызларының сулыў екенин көрип, өзлери унатқанларын ҳаяллыққа алды. **3** Сонда Жаратқан Ийе: «Мениң Рууҳым адамзатта мәңги қалмайды, өйткени олар барыжоғы бир адам. Адамның өмири бир жүз жигирма жыл болады», – деди.

**4** Иләҳий барлықлар адамлардың қызларына үйленип, балалы болған күнлерде ҳәм сол күнлерден кейин де жер жүзинде дәўлер

---

a **5:29** *Нух* – «тынышлық» дегенди билдиретуғын сөзге уқсас келеди.

b **6:2** *Иләҳий барлықлар* – еврейшеден сөзбе-сөз аўдарғанда «Қудайдың уллары» ямаса «қудайлардың уллары» дегенди билдиреди. Бул еврейше сөз Ески Келисимниң басқа жерлеринде де иләҳий барлықларға қолланылғаны ушын, илимпазлардың көпшилиги усы аятта да бул сөз иләҳий барлықларды билдиреди деп түсиндиреди.

бар еди. Олар әййемги заманның
атақлы қаҳарманлары ҳәм атақлы
адамлары болды.
5 Жаратқан Ийе қарап, жер жүзин-
де адамзаттың жаман ислериниң
көп екенин, олардың кеўлиндеги ой-
нийетлериниң бәрҳама жаўызлыққа
толы екенин көрди. 6 Ол жер бетин-
де адамзатты жаратқанына өки-
нип, жүреги ғамға толды. 7 Сонда
Жаратқан Ийе былай деди: «Өзим
жаратқан адамзатты, ҳайўанларды,
жер баўырлаўшыларды ҳәм қуслар-
ды жер бетинен қырып таслайман.
Себеби Мен оларды жаратқаныма
өкинемен». 8 Бирақ Нух Жаратқан
Ийениң мийримине еристи.
9 Нухтың өмир тарийхы мына-
дай: Нух заманласлары арасында
ҳақ ҳәм минсиз адам болып, Қудай
менен тығыз байланыста жасайту-
ғын еди. 10 Ол Сам, Хам ҳәм Яфет
деген үш уллы болды.
11 Қудайдың көз алдында жер
жүзи бузылып, жаўызлыққа тол-
ған еди. 12 Қудай жер жүзине қарап,
оның соншелли бузылғанын көрди.
Өйткени адамлар жолдан шыққан
еди. 13 Сонда Қудай Нухқа былай
деди: «Мен пүткил адамзатты жоқ
етемен, өйткени олар себепли жер
жаўызлыққа толды. Мен оларға
қосып, жер бетин де жоқ етемен.
14 Сен өзиңе гофер ағашынан бир
кеме соқ. Оны бөлмелерге бөлип,
иши-сыртын қара май менен май-
ла. 15 Сен кемени былай соғыўың
керек: оның узынлығы үш жүз шы-
ғанақ, ени елиў шығанақ, бийик-
лиги отыз шығанақ болсын. 16 Ал
бастырмасын бир шығанақ жо-
қары қылып исле. Қапысын қап-
талдан қой ҳәм кемениң төменги,
ортанғы ҳәм жоқарғы қабатлары
болсын. 17 Минекей, Мен жер жү-
зине топан суўын жиберип, аспан
астындағы ҳәмме тири жанды жоқ
етемен. Жердеги барлық нәрсе қы-
рылып қалады. 18 Бирақ Мен сениң
менен Өз келисимимди дүземен:
сен өз улларың, ҳаялың ҳәм ке-
линлериң менен бирге кемеге кир.
19 Аман қалыўы ушын, өзиң менен
бирге кемеге барлық жаныўарлар-
дың еркек ҳәм урғашысынан жуп-
жуптан алып кир. 20 Аман қалыўы
ушын, қуслардың, ҳайўанлардың
ҳәм жер баўырлаўшылардың ҳәр
қыйлы түрлери жуп-жуптан саған
келеди. 21 Өзиңе ҳәм оларға азық
болатуғын ҳәр қыйлы аўқатлық
затларды жеткиликли етип жый-
нап қой».
22 Нух Қудайдың буйырғанлары-
ның барлығын орынлады.

## Топан суўы

7 1 Жаратқан Ийе Нухқа былай
деди: «Пүткил хожалығың ме-
нен кемеге кир. Өйткени Мен за-
манласларың ишинде тек сениң ғана
Мениң алдымда ҳақ екениңди көр-
дим. 2 Өзиң менен бирге ҳадал деп
есапланған ҳайўанлардың түрлери-
нен, еркек ҳәм урғашысынан жети
жуптан, ҳарам деп есапланған ҳай-
ўанлардың түрлеринен, еркек ҳәм
урғашысынан еки жуптан ал. 3 Және
де, тұқымы жер бетинде сақланып
қалыўы ушын, қуслардың ҳәр қыйлы
түрлеринен еркек ҳәм урғашысынан
жети жуптан ал. 4 Өйткени Мен жети
күннен кейин жерге қырық күн, қы-
рық түн жаўын жаўдыраман. Өзим
жаратқан ҳәр бир тири жанды жер
бетинен қырып таслайман».

[5] Нух Жаратқан Ийениң буйыр-
ғанларының барлығын орынлады.
[6] Жерди топан суўы басқанда,
Нух алты жүз жаста еди. [7] Нух,
оның уллары, ҳаялы ҳәм келинлери
топан суўынан қутылыў ушын ке-
меге кирди. [8-9] Қудайдың Нухқа бу-
йырғанындай, ҳадал ҳәм ҳарам деп
есапланған ҳәр түрли ҳайўанлар,
қуслар ҳәм жер баўырлаўшылар-
дың еркеги ҳәм урғашысы жуп-жуп
болып Нухқа келип, кемеге кирди.
[10] Жети күннен соң, жер бетин то-
пан суўы қаплай баслады.

[11] Нух алты жүз жасқа толған
жылдың екинши айының он же-
тинши күнинде терең туңғыйық-
тың барлық булақларынан суў
атлығып, аспан қақпақлары ашы-
лып кетти. [12] Жер жүзине қырық
күн, қырық түн жаўын жаўды.

[13] Тап сол күни Нух, оның улла-
ры Сам, Хам, Яфет, Нухтың ҳая-
лы ҳәм үш келини кемеге кирди.
[14] Барлық жабайы ҳайўанлардың,
маллардың, жер баўырлаўшылар-
дың, барлық куслардың ҳәм қанат-
лылардың да ҳәр қыйлы түрлери
олар менен бирге кирди. [15] Ҳәр
түрли жанлы жаныўарлар жуп-
жуптан Нухқа келип, кемеге кир-
ди. [16] Кемеге кирген ҳайўанлар
Қудай Нухқа буйырғанындай ер-
кек ҳәм урғашы еди. Соннан кейин,
Жаратқан Ийе Нухтың изинен ке-
мениң қапысын жапты.

[17] Топан суўы қырық күн даўам
етти ҳәм суўлар тасып, кемени жер-
ден жоқарыға көтерди. [18] Суў жер
бетинде соншелли көбейип жо-
қары көтерилгенликтен, кеме суў
бетинде жүзе баслады. [19] Суўлар-
дың көтерилгени соншелли, жер
бетиндеги барлық бәлент таўлар
суў астында қалды. [20] Көтерил-
ген суўлар таўлардың үстин он бес
шығанақ жоқары қаплады. [21] Жер
жүзиндеги барлық тиришилик:
қуслар, маллар, жабайы ҳайўанлар,
жер баўырлаўшылар ҳәм барлық
адамлар қырылып қалды. [22] Қур-
ғақлықтағы тири жанның ҳәммеси
өлип қалды. [23] Жер жүзиндегилер-
диң ҳәммеси: адамлардан баслап
малларға дейин, жер баўырлаў-
шылардан баслап қусларға дейин
набыт болды. Тек Нух ҳәм оның
менен бирге кемеде болғанлар ғана
аман қалды. [24] Топан суўы жер жү-
зин бир жүз елиў күн қаплап турды.

### Топан суўының ақыры

**8** [1] Бирақ Қудай Нухты ҳәм оның
менен бирге кемеде болған жа-
байы ҳайўанлар менен малларды
есине түсирип, жер бетине самал
естирди. Сонда суўлар азая баслады.
[2] Туңғыйықтың булақлары ҳәм ас-
панның қақпақлары жабылып, жа-
ўын тынды. [3] Суўлар әсте-әсте жер
бетинен қайта баслады ҳәм бир жүз
елиў күннен кейин азайып қалды.
[4] Кеме жетинши айдың он жетинши
күни Арарат таўлары үстинде тоқ-
тады. [5] Суўлар оныншы айға шекем
азайып, оныншы айдың биринши
күнинде таўлардың төбелери кө-
рине баслады.

[6] Қырық күннен соң, Нух өзи соқ-
қан кемениң әйнегин ашты. [7] Ол
бир ғарғаны ушырып жиберди.
Жер бетиндеги суўлар қурыған-
ға дейин ғарға ушып келип-кетип
турды. [8] Соңынан Нух жер бетин-
деги суўдың қайтқан-қайтпағанын
билиў ушын бир кептерди ушырып

жиберди. 9 Бирақ кептер қонату-
ғын жер таба алмай, және Нухқа,
кемеге қайтып келди. Себеби еле
жер бетин суў қаплап тур еди. Нух
қолын созып, кептерди өз жанына,
кемеге киргизип алды. 10 Жети күн
күтип, Нух кептерди кемеден және
шығарып жиберди. 11 Кептер кеште
қайтып келгенде, оның тумсығын-
да зәйтүн ағашының жаңа жулын-
ған бир жапырағы бар еди. Сонда
Нух жер бетиндеги суўдың қайт-
қанын түсинди. 12 Нух және жети
күн күткеннен соң, кептерди қай-
тадан шығарып жиберди. Бул рет
кептер қайтып келмеди.
13 Нух алты жүз бир жасқа толған
жылдың биринши айының бирин-
ши күни жер бетиндеги суўлар қур-
ғады. Нух кемениң төбесин ашып,
жердиң қурғағанын көрди. 14 Екин-
ши айдың жигирма жетинши күни
жер толық қурғады.
15 Сонда Қудай Нухқа былай де-
ди: 16 «Ҳаялың, улларың ҳәм ке-
линлериң менен бирге кемеден
шық. 17 Өзиң менен бирге барлық
жаныўарларды: қусларды, ҳай-
ўанларды ҳәм жер баўырлаўшы-
ларды да шығар. Олар жер жүзине
таралып, жер бетинде өсип-өнип,
көбейсин».
18 Нух ҳаялы, уллары ҳәм келин-
лери менен бирге кемеден шықты.
19 Барлық ҳайўанлар, жер баўыр-
лаўшылар, қуслар – жер бетинде
тиришилик етиўшилердиң ҳәммеси
түр-түри бойынша кемеден шықты.

### Нухтың қурбанлық бериўи

20 Нух Жаратқан Ийеге ар-
нап қурбанлық орын қурды. Сол
жерде ол ҳадал деп есапланған
ҳайўанлардың ҳәм қуслардың ҳәм-
месинен алып, оларды қурбанлық-
қа шалып, жағып жиберди.
21 Жаратқан Ийе жағымлы ийис-
ти унатып, Өз кеўлинде былай
деди: «Мен енди жерди адамлар
себепли нәлетлемеймен. Өйткени
адамның кеўлиндеги нийетлер ба-
лалығынан-ақ жаман болады. Мен
усы ислегенимдей, енди ҳеш қашан
пүткил тиришиликти жоқ қылып
жибермеймен.
22 Ендигиден былай, дүнья тур-
ғанша, егин егиў, оны орыў, ыссы
ҳәм суўық, жаз ҳәм қыс, күндиз ҳәм
түн бола береди».

### Қудайдың Нух пенен дүзген келисими

9 1 Қудай Нухты ҳәм оның ул-
ларын жарылқап былай деди:
«Өсип-өнип, көбейиңлер ҳәм жер
жүзин толтырыңлар. 2 Жердеги ҳай-
ўанлардың, аспандағы қуслардың,
жер жүзиндеги тири жанлардың ҳәм
теңиздеги балықлардың ҳәммеси
сизлерден қорқып, үркетуғын бол-
сын. Олар сизлердиң бийлигиңизге
берилген. 3 Барлық тири жаныўар-
лар сизлерге аўқат болады. Өсим-
ликлерди бергеним сыяқлы, Мен
сизлерге ҳәммесин берип атырман.
4 Бирақ олардың қанын шығар-
май турып, гөшин жемең. Себеби
жан қаннан ибарат. 5 Егер сизлер-
диң де қаныңыз төгилсе, ҳақы-
ңызды сөзсиз талап етемен. Адам
жанын қыйған ҳәр қандай адам
ҳәм ҳайўаннан Мен есап талап ете-
мен. 6 Ким адамның қанын төксе,
оның өзиниң қаны да басқа адам
тәрепинен төгиледи. Себеби Қудай
адамды Өзине уқсатып жаратты.

[7] Ал сизлер өсип-өнип, көбейиң-
лер ҳәм жер бетине тарқалып, ар-
тып барыңлар».
[8] Қудай Нухқа ҳәм оның улла-
рына былай деди: [9] «Мен сизлер
менен, сизлердиң келешек урпағы-
ңыз бенен келисим дүземен. [10] Жә-
не де, сизлер менен бирге болған
барлық жанлы жаныўарлар: қус-
лар, маллар, жабайы ҳайўанлар
ҳәм сизлер менен кемеден шыққан
жер бетиндеги барлық ҳайўанлар
менен келисим дүземен. [11] Сизлер
менен дүзетуғын келисимим мы-
надан ибарат: ендигиден былай,
пүткил тиришилик топан суўы
менен жоқ етилмейди ҳәм жер жү-
зин жоқ ететуғын топан суўы енди
қайтып болмайды».
[12] Қудай сөзин даўам етип бы-
лай деди: «Мениң сизлер ҳәм ҳәр
бир жанлы жаныўар менен бар-
лық келешек урпақлар ушын мәң-
гиге дүзип атырған келисимимниң
белгиси мынаў: [13] Мен Өз айқу-
лағымды бултларға жайластыра-
ман ҳәм ол Мениң менен жерде
жасаўшылардың арасындағы дүз-
ген келисимимниң белгиси болады.
[14] Мен жер үстине булт жиберге-
нимде, бултларда айқулақ пайда
болады. [15] Сонда Мен сизлер ме-
нен ҳәм ҳәр бир тири жан менен
дүзген келисимимди еске аламан.
Пүткил тиришиликти жоқ етиўши
топан суўы енди қайтып болмайды.
[16] Қашан бултларда айқулақ пайда
болса, Мен оны көрип, жерде жа-
саўшылардың ҳәммеси менен Өзим
дүзген мәңгилик келисимимди ес-
ке аламан».
[17] Соңынан Қудай Нухқа: «Ме-
ниң жерде жасаўшы ҳәр бир тири
жан менен дүзген келисимимниң
белгиси – усы», – деди.

### Нухтың уллары

[18] Нухтың кемеден шыққан улла-
ры – Сам, Хам ҳәм Яфет еди. Хам
Қананның әкеси еди. [19] Булар Нух-
тың үш улы еди. Жер жүзиндеги
барлық халықлар олардан тарқады.
[20] Нух жерди тәрбиялап, жүзим
егиўге киристи. [21] Ол шарап ишип,
мәс болып қалды ҳәм өзиниң шаты-
рында жалаңаш жатты. [22] Қанан-
ның әкеси болған Хам әкесиниң
жалаңаш жатырғанын көрди ҳәм
сыртқа шығып, бул ҳаққында еки
туўысқанына айтып берди. [23] Сон-
да Сам менен Яфет бир шапанды
ийинлерине таслады да, терис қа-
рап жүриўи менен ишке кирип,
әкесиниң жалаңаш денесин ша-
пан менен жапты. Олар әкесиниң
жалаңаш екенин көрмеў ушын жүз-
лерин басқа тәрепке бурды.
[24] Мәслиги тарқағаннан соң, Нух
кишкене улының не ислегенин би-
лип, [25] былай деди:

«Қананға нәлет жаўсын!
Ол туўысқанларының
қулларының қулы болсын!»

[26] Ол және былай деди:

«Самның Қудай Ийесине
алғыслар болсын!
Ал Қанан Самның қулы болсын!
[27] Қудай Яфеттиң жерлерин
кеңейтсин!
Ол Самның шатырларында
жасасын!
Ал Қанан Яфеттиң қулы
болсын!»

28 Нух топан суўынан соң және
үш жүз елиў жыл өмир сүрди. 29 Ол
барлығы болып тоғыз жүз елиў
жыл жасағаннан соң, қайтыс болды.

## Нухтың улларының урпақлары

**10** 1 Нухтың уллары Сам, Хам
ҳәм Яфеттиң шежиреси
мынадай: топан суўынан кейин
олардан балалар туўылды.
2 Яфеттиң уллары: Гомер, Ма-
гог, Мадай, Яўан, Тубал, Мешех
ҳәм Тирас.
3 Гомердиң уллары: Ашкеназ, Ри-
фат ҳәм Тогарма.
4 Яўанның уллары: Элиша, Тар-
шиш, Киттим ҳәм Доданим.
5 Булардан теңиз жағаларында
жасаўшы халықлар өрбиди. Олар
өз үлкелеринде ҳәр қыйлы тиллер-
де сөйлеп, халықлары ҳәр қыйлы
қәўимлерге бөлинди.
6 Хамның уллары: Куш, Мысыр,
Пут ҳәм Қанан.
7 Куштың уллары: Себа, Хаўила,
Сабта, Раама ҳәм Сабтеха.
Рааманың уллары: Шеба ҳәм Дедан.
8 Куштың және Нимрод деген де
бир улы бар еди. Ол жер жүзин-
деги биринши күшли жаўынгер
болды. 9 Нимрод Жаратқан Ийе-
ниң алдында күшли аңшы бол-
ғанлықтан: «Жаратқан Ийениң
алдында Нимрод сыяқлы күшли
аңшы», – деген сөз келип шыққан.
10 Ол дәслеп Шынар[a] жериндеги
Бабыл[b], Эрех, Аккад ҳәм Калне
қалаларында патшалық етти. 11 Со-
ңынан ол сол жерден Ашшурға ке-
тип, Ниневия, Рехобот-Ир, Калах
қалаларын, 12 сондай-ақ Ниневия
менен Калах арасындағы Ресен қа-
ласын қурды. Ол уллы қала болды.
13 Мысырдан луд, анам, леҳаб,
нафтух, 14 патрус, каслух ҳәм каф-
тор халықлары, ал каслух халқы-
нан филист халқы келип шықты.
15 Қананнан туңғыш улы Сидон,
кейин Хет туўылды. 16 Сондай-ақ
ебус, амор, гиргаш, 17 хиў, арқ, син,
18 арўад, семар ҳәм хамат халық-
лары да Қананнан келип шықты.
Кейин ала қанан қәўимлери әти-
рапқа тарап жайылып кетти. 19 Қа-
нан халқының жерлери Сидоннан
Герар тәрепке қарай Газаға шекем,
оннан Содом, Гомора, Адма, Себо-
йым тәрепке қарай Лешаға шекем
созылып жатты.
20 Булар өз үлкелеринде ҳәм ха-
лықларында ҳәр түрли қәўимлер-
ге ҳәм тиллерге бөлинген Хамның
урпақлары еди.
21 Яфеттиң әжағасы Самның да
балалары болды. Ол барлық Эбер
урпақларының түп бабасы болды.
22 Самның уллары: Элам, Ашшур,
Арпахшад, Луд ҳәм Арам.
23 Арамның уллары: Ус, Хул, Ге-
тер, Маш.
24 Арпахшадтан Шелах, Шелах-
тан Эбер туўылды.
25 Эбердиң еки улы болып, олар-
дың бириниң аты Пелег[c] еди, өйт-
кени сол ўақытта жерлер бөлинген

---

[a] **10:10** *Шынар* – бул жер ҳәзирги Ирактың қубла тәрепинде жайласқан болып, кейинирек Бабилония патшалығына айланған.
[b] **10:10** *Бабыл* – бул Бабилон.
[c] **10:25** *Пелег* – «бөлинип кетти» дегенди билдиреди.

еди. Ал екиншисиниң аты Иоқ-
тан еди.
26 Иоқтаннан Алмодад, Шелеф,
Хасармаўет, Ерах, 27 Ҳадорам, Узал,
Дикла, 28 Обал, Абимаел, Шеба,
29 Офир, Хаўила ҳәм Иобаб туўыл-
ды. Булардың бәри Иоқтанның ул-
лары еди.
30 Олар шығыста, Мешадан Се-
фарға шекем созылған таўлы үл-
кеде жасайтуғын еди.
31 Булар өз үлкелеринде ҳәм ха-
лықларында ҳәр түрли қәўимлер-
ге ҳәм тиллерге бөлинген Самның
урпақлары еди.
32 Топан суўынан соң, пүткил жер
жүзине халық-халық, урыў-урыў
болып тарақан бул адамлар Нух-
тың урпақлары еди.

## Бабыл минарасы

11 1 Сол ўақытлары дүньядағы
барлық адамлар бир тилде
сөйлеп, бирдей сөзлерди қолла-
натуғын еди. 2 Адамлар шығыста
көшип жүргенде, Шынар жеринде
бир тегислик тапты ҳәм сол жерге
орналасты.
3 Адамлар бир-бирине: «Келиң-
лер, ылайдан гербиш қуйып, олар-
ды отқа писирейик», – деди. Олар
тастың орнына гербиш, ылайдың
орнына қара май қолланды. 4 Соңы-
нан олар: «Өзимизге бир қала қура-
йық ҳәм төбеси аспанға жететуғын
бир минара тиклеп, даңқымызды
шығарайық. Сонда бизлер жер жү-
зине тарап кетпеймиз», – дести.
5 Жаратқан Ийе адамлар қурып
атырған қаланы ҳәм минараны
көриў ушын төменге түсти 6 ҳәм
былай деди: «Мине, олар бир халық
болып, бир тилде сөйлегенликтен,
усы исти баслады. Буннан былай
олар ойлаған ойларын жүзеге асыр-
май қоймайтуғын болады. 7 Қәне,
төменге түсейик, олар бир-бирин
түсинбей қалыўы ушын тиллерин
араластырып таслайық».
8 Солай етип, Жаратқан Ийе
оларды жер жүзине таратып жи-
берип, қала қурылысын тоқтатып
таслады. 9 Сонлықтан бул қала Ба-
был[a] деп аталды. Себеби Жаратқан
Ийе сол жерде барлық адамлар-
дың тиллерин араластырып тас-
лап, оларды пүткил жер жүзине
таратып жиберген еди.

## Самның Ибрайымға шекемги урпақлары

10 Самның шежиреси мынадай:
топан суўынан еки жыл өткеннен
соң, Сам жүз жаста болғанда, улы
Арпахшад туўылды. 11 Арпахшад
туўылғаннан соң, Сам және бес жүз
жыл жасады. Оның басқа да улла-
ры ҳәм қызлары болды.
12 Арпахшад отыз бес жасқа шық-
қанда, улы Шелах туўылды. 13 Ше-
лах туўылғаннан соң, Арпахшад
және төрт жүз үш жыл жасады.
Оның басқа да уллары ҳәм қызла-
ры болды.
14 Шелах отыз жасқа шыққанда,
улы Эбер туўылды. 15 Эбер туўыл-
ғаннан соң, Шелах және төрт жүз
үш жыл жасады. Оның басқа да ул-
лары ҳәм қызлары болды.
16 Эбер отыз төрт жасқа шыққан-
да, улы Пелег туўылды. 17 Пелег
туўылғаннан соң, Эбер және төрт

a **11:9** *Бабыл* – «араласыў» деген мәнини беретуғын сөзге уқсайды.

жүз отыз жыл жасады. Оның бас-
қа да уллары ҳәм қызлары болды.
**18** Пелег отыз жасқа шыққанда,
улы Реу туўылды. **19** Реу туўылған-
нан соң, Пелег және еки жүз тоғыз
жыл жасады. Оның басқа да улла-
ры ҳәм қызлары болды.
**20** Реу отыз еки жасқа шыққанда,
улы Серуг туўылды. **21** Серуг ту-
ўылғаннан соң, Реу және еки жүз
жети жыл жасады. Оның басқа да
уллары ҳәм қызлары болды.
**22** Серуг отыз жасқа шыққанда,
улы Нахор туўылды. **23** Нахор ту-
ўылғаннан соң, Серуг және еки жүз
жыл жасады. Оның басқа да улла-
ры ҳәм қызлары болды.
**24** Нахор жигирма тоғыз жасқа
шыққанда, улы Терах туўылды.
**25** Терах туўылғаннан соң, Нахор
және бир жүз он тоғыз жыл жа-
сады. Оның басқа да уллары ҳәм
қызлары болды.
**26** Терах жетпис жасқа шыққан-
нан соң, оннан Ибрам[a], Нахор ҳәм
Ҳаран деген уллар туўылды.

## Терахтың урпақлары

**27** Терахтың урпақларының та-
рийхы мынадай: Терахтан Ибрам,
Нахор ҳәм Ҳаран туўылды. Ал
Ҳараннан Лут туўылды. **28** Әке-
си Терахтың көзиниң тирисинде,
Ҳаран өзиниң туўылған жери бол-
ған калдейлердиң Ур қаласында
қайтыс болды. **29** Ибрам да, На-
хор да үйленди. Ибрамның ҳая-
лының аты Сарай[b], ал Нахордың
ҳаялының аты Милка еди. Мил-
ка Исканың әкеси Ҳаранның қы-
зы еди. **30** Сарай нәсилсиз болып,
баласы жоқ еди.
**31** Терах улы Ибрамды, Ҳаранның
улы болған ақлығы Лутты ҳәм Иб-
рамның ҳаялы болған келини Са-
райды алып, Қанан жерине барыў
ушын калдейлердиң Ур қаласынан
жолға шықты. Бирақ олар Харан
жерине жеткенде, сол жерге орна-
ласып қалды.
**32** Терах еки жүз бес жыл өмир
сүрип, Харанда қайтыс болды.

## Ибрамның шақырылыўы

**12** **1** Жаратқан Ийе Ибрамға:
«Өз елиңди, ағайин-туўған-
ларыңды ҳәм әкеңниң үйин қал-
дырып, Мен саған көрсететуғын
елге бар. **2** Мен сеннен уллы халық
дөретемен. Сени жарылқайман
ҳәм атыңды мәртебели қыламан.
Сен басқаларға жарылқаў боласаң.
**3** Сени жарылқағанларды Мен жа-
рылқайман. Сени нәлетлегенлерди
Мен нәлетлеймен. Жер жүзиндеги
барлық халықлар сен арқалы жа-
рылқанады», – деди.
**4** Ибрам Жаратқан Ийениң буй-
рығы бойынша жолға шықты. Лут
та оның менен бирге кетти. Ибрам
Хараннан шыққан ўақытта жетпис
бес жаста еди. **5** Ол өзи менен бирге
ҳаялы Сарайды, иниси Лутты, Ха-
ранда жыйнаған мал-мүлкин ҳәм
хызметшилерин алды да, Қанан
жерине қарай жолға шықты. Олар

---

a **11:26** *Ибрам* – бул Ибрайымның дәслепки аты. Кейинирек Қудай оның атын Ибрайым деп өзгертеди. 17:3-5 қараң.
b **11:29** *Сарай* – Саранның дәслепки аты. Кейинирек Қудай оның атын Сара деп өзгертеди. 17:15 қараң.

Қанан жерине жетип барғанда, 6 Иб-
рам ел бойлап жүрип, Шехемдеги
Морениң теребинф терегиниң жа-
нына барды. Сол ўақытлары усы
елде қанан халқы жасайтуғын еди.
7 Сонда Жаратқан Ийе Ибрамға кө-
ринип: «Мен бул жерди сениң урпа-
ғыңа беремен!» – деди. Ибрам өзине
көринген Жаратқан Ийеге арнап,
сол жерде қурбанлық орын қурды.
8 Кейин ол Бейт-Эл қаласының
шығыс жағындағы таўлы жерге
қарай жүрип, батыс жақтағы Бейт-
Эл қаласы менен шығыс жақтағы
Ай қаласының ортасына шатырын
тикти. Сол жерде Ибрам Жаратқан
Ийеге арнап қурбанлық орын қу-
рып, Оның атын айтып шақырды.
9 Соңынан ол қубла тәрепке, Негеб-
ке қарай жолын даўам етти.

### Ибрам Мысырда

10 Сол ўақытта елде күшли ашлық
болғанлықтан, Ибрам ўақтынша
жасап турыў ушын Мысырға кет-
ти. 11 Олар Мысырға жақынлағанда,
Ибрам ҳаялы Сарайға былай деди:
– Мен сениң сулыў ҳаял екениң-
ди билемен. 12 Мысырлылар сени
көргенде: «Бул оның ҳаялы», – деп,
мени өлтирип, ал сени тири қалды-
рады. 13 Оларға: «Оның қарындасы-
ман», – деп айт. Сонда сен себепли
олар маған жақсы қатнаста болады
ҳәм мен аман қаламан.
14 Ибрам Мысырға келгенде, мы-
сырлылар оның ҳаялының жүдә
гөззал екенин көрди. 15 Фараонның
хызметкерлери ҳаялды көрип, фа-
раонға оның сулыўлығын мақтап
айтып берди. Ҳаял фараонның са-
райына алынды. 16 Фараон Сарай
себепли Ибрамға жақсы қатнаста
болды. Ибрам ири ҳәм майда мал-
ларға, еркек ҳәм урғашы ешеклер-
ге, қул ҳәм шорыларға, түйелерге
ийе болды.
17 Бирақ Жаратқан Ийе Ибрам-
ның ҳаялы Сарай себепли фара-
онды ҳәм оның үй-ишин аўыр
апатларға дуўшар етти. 18 Сонда
фараон Ибрамды шақыртып оған
былай деди: «Сен неге маған бу-
лай иследиң? Не себептен маған,
оның ҳаялың екенин айтпадың?
19 Не ушын оны қарындасым дедиң?
Мен оны ҳаяллыққа алайын деп
қалдым-ғо. Ҳаялыңды ал да, кет!»
20 Солай етип, фараон өз адамла-
рына Ибрамды ҳаялы ҳәм барлық
жыйған-тергенлери менен шыға-
рып салыўды буйырды.

### Ибрам менен Луттың бир-биринен бөлиниўи

13 1 Ибрам ҳаялын ҳәм өзи-
ниң барлық мал-мүлкин
алды да, Мысырдан шығып, Не-
гебке кетти. Лут та олар менен бир-
ге кетти. 2 Ибрам малларға, гүмис
ҳәм алтынларға оғада бай еди. 3 Ол
Негебтен Бейт-Элге шекем көшип-
қонып жүрди ҳәм Бейт-Эл менен
Ай қаласының ортасындағы бурын
өзи шатыр қурған орынға келди.
4 Сол жерде бурын өзи қурған қур-
банлық орынға барып, Жаратқан
Ийениң атын айтып шақырды.
5 Ибрам менен бирге көшкен Лут-
тың да ири ҳәм майда маллары,
шатырлары бар еди. 6 Олардың мал-
мүлки соншелли көп болғанлықтан
жер жетиспей, бирге жасаў мүм-
кин болмай қалды. 7 Сонлықтан
Ибрам менен Луттың шопанлары
арасында жәнжел пайда болды. Сол

ўақытлары қанан ҳәм периз халық-
лары да усы елде жасайтуғын еди.
8 Сонда Ибрам Лутқа: «Бизлер-
диң арамызда да, шопанларымыз-
дың арасында да жәнжел болмасын.
Ақыры, бизлер туўысқанбыз-ғо!
9 Барлық жер сениң көз алдында.
Кел, бөлинейик. Егер сен солға кет-
сең, мен оңға кетемен. Егер сен оңға
кетсең, мен солға кетемен», – деди.
10 Лут әтирапына қарап, пүткил
Иордан тегислигиниң Соарға ше-
кемги мол суўлы жерлерин көрди.
Жаратқан Ийе Содом ҳәм Гомора-
ны жоқ етпестен алдын, бул жер-
лер Жаратқан Ийениң бағындай,
Мысыр жериндей еди. 11 Лут пүт-
кил Иордан тегислигин таңлап,
шығысқа қарай кетти. Солай етип,
олар бир-биринен бөлинди. 12 Иб-
рам Қанан жеринде қалды, ал Лут
тегисликтеги қалалардың арасына
жайласып, Содомға жақын жерге
шатыр қурды. 13 Содом халқы жа-
ўыз болып, Жаратқан Ийеге қарсы
көп гүналар ислейтуғын еди.
14 Лут Ибрамнан бөлингеннен
соң, Жаратқан Ийе Ибрамға былай
деди: «Өзиң турған жерден арқаға
ҳәм қублаға, шығысқа ҳәм батысқа
қара! 15 Өзиң көрип турған жердиң
ҳәммесин саған ҳәм сениң урпақ-
ларыңа мәңгиге беремен. 16 Урпақ-
ларыңды жердиң қумы сыяқлы
көбейтемен. Ким де ким жердеги
қумларды санай алса, сениң урпақ-
ларыңды да санай алады. 17 Қәне-
кей, бар да, Мениң саған беретуғын
жерлеримди бастан аяғына шекем
айланып шық».
18 Ибрам Хебронға жақын жерде-
ги Мамрениң теребинф терекли-
ги жанына шатырларын көширип
апарып орналасты. Сол жерде ол
Жаратқан Ийеге арнап қурбанлық
орын қурды.

## Ибрамның Лутты тутқынлықтан қутқарыўы

**14** 1 Сол ўақытлары Шынар
патшасы Амрафел, Элла-
сар патшасы Арйох, Элам патшасы
Кедорлаомер ҳәм Гойым патшасы
Тидал биригип, 2 Содом патшасы Бе-
раға, Гомора патшасы Биршаға, Адма
патшасы Шинабқа, Себойым патша-
сы Шемеберге ҳәм Бела патшасына,
яғный Соар патшасына қарсы урыс
ашты. 3 Ал соңғы аталған бес патша
биригип, Сиддим ойпатлығында, яғ-
ный ҳәзирги Өли теңиз жайласқан
орында аўқам дүзди. 4 Бул патшалар
он еки жыл Кедорлаомердиң қол
астында болып, он үшинши жылы
оған қарсы бас көтерди.
5 Он төртинши жылы Кедорлао-
мер ҳәм оның менен аўқамлас болған
патшалар келип, Аштерот-Қарна-
йымдағы рефа, Ҳамдағы зуз, Ша-
ўе-Кирятайымдағы эм халықларын,
6 және де, таўлы Сеир жериндеги хор
халқын шөл шетиндеги Эл-Паранға
дейин қыйратып, жеңилиске ушы-
ратты. 7 Олар сол жерден изге қайтып,
Эн-Мишпатқа, ҳәзирги Қадешке кел-
ди ҳәм амалеклердиң барлық жерле-
рин басып алып, Хасесон-Тамарда
жасаўшы аморларды қыйратты.
8 Бес патша – Содом, Гомора, Ад-
ма, Себойым ҳәм Бела, яғный Соар
патшалары Сиддим ойпатлығына
шығып, 9 төрт патшаға, яғный Элам
патшасы Кедорлаомерге, Гойым
патшасы Тидалға, Шынар патша-
сы Амрафелге ҳәм Элласар патшасы
Арйохқа қарсы атланды. 10 Сиддим

ойпатлығында қара май кәнлери көп
еди. Содом ҳәм Гомора патшалары
қашып баратырғанда олардың адам-
ларының гейбиреўлери сол кәнлер-
ге түсип кетти, ал қалғанлары таўға
қашты. **11** Женген төрт патша Содом
ҳәм Гомораның пүткил байлығын
ҳәм азық-аўқатларын алып кетти.
**12** Олар және сол ўақытта Содомда жа-
сап атырған Ибрамның иниси Лутты
ҳәм оның мал-мүлкин де алып кетти.
**13** Ол жерден қашып қутылған бир
адам келип, еврей Ибрамға болған
ўақыяны хабарлады. Сол ўақыт-
та Ибрам Эшкол менен Анердиң
туўысқаны болған, амор халқы-
нан болған Мамрениң теребинф
тереклиги қасында жасап атыр
еди. Булардың ҳәммеси Ибрам-
ның аўқамласлары еди. **14** Ибрам
инисиниң тутқынға түскенин еси-
тип, үйинде туўылып өскен, урысқа
жарамлы үш жүз он сегиз адамды
қураллландырды да, төрт патшаның
изинен Дан қаласына шекем қуўып
барды. **15** Ибрам адамларын топар-
ларға бөлип, түнде душпанға қарсы
ҳүжим жасады ҳәм оларды қыйра-
тып, Дамасктиң арқа тәрепиндеги
Хобаға шекем қуўып барды. **16** Ол
олжаға алынған пүткил мал-мүлик-
ти, иниси Лутты, оның мал-мүлкин,
ҳаялларды ҳәм тутқын болғанлар-
ды қайтарып алып келди.

### Мелкиседектиң Ибрамға пәтиясын бериўи

**17** Ибрам Кедорлаомер ҳәм оның
аўқамласлары үстинен жеңиске
ерисип қайтып киятырғанда, Со-
дом патшасы оны күтип алыў ушын
Шаўе ойпатлығына[a], яғный Патша
ойпатлығына шықты.
**18** Қудай Тааланың руўханийи
болған Салим[b] патшасы Мелки-
седек нан ҳәм шарап алып шық-
ты. **19** Ол Ибрамға пәтиясын берип,
былай деди:

«Аспан ҳәм жерди жаратқан
Қудай Таала
Ибрамды жарылқасын.
**20** Душпанларыңды тәслим
еттирген
Қудай Таалаға алғыслар болсын».

Сонда Ибрам Мелкиседекке өзин-
деги барлық нәрселерден оннан
бирин берди.
**21** Ал Содом патшасы Ибрамға:
– Адамларымды маған қайтарып
бер, ал олжаларды өзиңде қалды-
ра бер, – деди.
**22-23** Бирақ Ибрам Содом патша-
сына былай деди:
– Сен: «Мен Ибрамды байыт-
тым», – деп айтып жүрмеўиң ушын,
мен Жаратқан Ийениң, яғный ас-
пан ҳәм жерди жаратқан Қудай
Тааланың алдында саған тийис-
ли ҳеш нәрсени, ҳәтте, бир сабақ
та, аяқ кийимниң баўын да ал-
майтуғынымды айтып, ант ише-
мен. **24** Бирақ тек адамларымның
ишип-жегени ҳәм мениң менен бир-
ге урысқа барған Анер, Эшкол ҳәм
Мамрениң өз үлеслери буған кир-
мейди. Олар өз үлеслерин алсын.

---

a **14:17** *Шаўе ойпатлығы* – Ерусалимниң шығысындағы Кидрон сайының бир тәрепи.

b **14:18** *Салим* – Ерусалимниң ески аты.

## Қудайдың Ибрам менен келисим дүзиўи

**15** 1 Бул ўақыялардан соң,
Жаратқан Ийе Ибрамға
былай деп аян берди:
– Қорқпа, Ибрам. Мен – сениң
қалқаныңман. Саған берилетуғын
сыйлық оғада уллы болады.
2 Бирақ Ибрам былай деди:
– Қудай Ийе! Сен маған не бере-
сең? Мен еле бийперзентпен-ғо!
Мениң үйим дамаскли Элиезер-
ге қалады. 3 Сен маған перзент
бермегениң себепли, үйимдеги
бир хызметшим мийрасхорым
болады.
4 Сонда Жаратқан Ийе Ибрамға:
– Сениң мийрасхорың ол емес, ал
өзиңнен туўылатуғын балаң бо-
лады, – деди. 5 Соңынан Ибрам-
ды сыртқа шығарып былай деди:
– Аспанға қара! Егер жулдызлар-
ды санай алсаң, оларды санап көр.
Мине, сениң урпақларың да сон-
дай көп болады.
6 Ибрам Жаратқан Ийеге исенди,
Жаратқан Ийе исеними ушын оны
ҳақ деп санады.
7 Соңынан Ол Ибрамға:
– Бул жерди саған меншик етип
бериў ушын, сени калдейлердиң
Ур қаласынан шығарған Жаратқан
Ийең Мен боламан, – деди.
8 Бирақ Ибрам Оннан:
– Қудай Ийе, бул жерлерди мен-
шик етип алатуғынымды қалай
билемен? – деп сорады.
9 Сонда Жаратқан Ийе оған:
– Маған ҳәр бириниң жасы үш жа-
сар болған қашар, ешки, қошқар,
және де, бир қумыры ҳәм кептер-
диң палапанын алып кел.
10 Ибрам ҳәммесин алып келди
ҳәм оларды дәл ортасынан бөлип,
бөлеклерди бир-бирине қарама-
қарсы қойды. Ал қусларды бөл-
меди. 11 Сойылған маллардың
денесине жыртқыш қуслар ушып
келип, қона баслады, бирақ Ибрам
оларды қуўып жиберди.
12 Күн батар ўақытта, Ибрам
терең уйқыға кетти. Сонда қор-
қынышлы бир қара түнек оны
қоршап алды. 13 Жаратқан Ийе
Ибрамға былай деди: «Мынаны
жақсы билип қой: сениң урпақ-
ларың жат елде келгинди болып
жасайды. Олар төрт жүз жыл қул-
шылықта болып, езиўшилик кө-
реди. 14 Бирақ Мен оларды қул
еткен халықты жазалайман. Сон-
нан соң, олар сол жерден көп мал-
мүлик пенен шығып кетеди. 15 Ал
сен ғаррылық дәўранын сүрип,
өлип жерленесең ҳәм тынышлық
пенен ата-бабаларыңның жаны-
на барасаң. 16 Сениң урпақларың-
ның тек төртинши әўлады ғана
бул жаққа қайтып келеди, себе-
би аморлардың гүнасы еле толыў
мөлшерине жеткен жоқ».
17 Күн батып, қараңғылық шөк-
кенде, иши түтеп турған ыдыс
ҳәм лаўлаған жалын пайда бо-
лып, бөлинген маллардың ара-
сынан жүрип өтти. 18 Усы күни
Жаратқан Ийе Ибрам менен
келисим дүзип былай деди:
«Мен сениң урпақларыңа Мы-
сыр дәрьясынан уллы Евфрат
дәрьясына шекем созылған жер-
ди, 19 яғный кен, кениз, қадмон,
20 хет, периз, рефа, 21 амор, канан,
гиргаш ҳәм ебус халықларының
жерлерин беремен».

### Ажар ҳәм Исмайыл

**16** 1 Ибрамның ҳаялы Сарай
оған еле бала туўып берме-
ген еди. Сарайдың Ажар деген мы-
сырлы шорысы бар еди. 2 Сарай
Ибрамға: «Минекей, Жаратқан
Ийе мени бала туўыўдан маҳрум
етти. Сен мениң шорым менен жат,
мүмкин, ол арқалы балалы болар-
ман», – деди.
Ибрам Сарайдың сөзине қулақ
асты. 3 Солай етип, Ибрамның Қа-
нан жеринде жасағанына он жыл
болғанда, Сарай өзиниң мысырлы
шорысы Ажарды Ибрамға тоқал-
лыққа алып берди. 4 Ибрам Ажар
менен жатқаннан соң, ол ҳәмиле-
дар болды. Ажар өзиниң ҳәмиле-
дар екенлигин билгенде, ханымын
менсинбей қойды.
5 Сарай Ибрамға:
– Мениң жәбир шегиўиме сен
айыплысаң. Мен өзимниң шорым-
ды сениң қойныңа салдым, ал ол
өзиниң ҳәмиледар екенин билгенде,
мени менсинбей қойды. Сениң ме-
нен мениң арамда Жаратқан Ийе-
ниң Өзи қазылық етсин, – деди.
6 Ибрам Сарайға:
– Шорың сениң қолыңда емес пе?
Оған не қыламан десең де, өзиң би-
лесең, – деди.
Солай етип, Сарай Ажарға қатты
азап бере баслағанлықтан, Ажар
оннан қашып кетти.
7 Жаратқан Ийениң периштеси
оны шөлдеги булақтың жанынан,
Шурға апаратуғын жолдың бойы-
нан таўып:
8 – Сарайдың шорысы Ажар, қа-
яқтан келип, қаяққа баратырсаң? –
деп сорады.
Ол:
– Мен ханымым Сарайдан қашып
баратырман, – деп жуўап берди.
9 Сонда Жаратқан Ийениң периш-
теси оған:
– Ханымыңа қайтып бар ҳәм оған
бойсын, – деди. 10 Периште даўам
етип:
– Мен сениң урпақларыңды сон-
шелли көбейтемен, оларды ҳеш
ким санай алмайтуғын болады, –
деди. 11 Жаратқан Ийениң периш-
теси оған және:
– Минекей, сен ҳәмиледарсаң. Сен
ул туўасаң. Оның атын Исмайыл[a]
деп қоясаң. Өйткени Жаратқан Ийе
сениң зарыңды еситти! 12 Сениң
улың қуландай болады. Ол ҳәмме-
ге қарсы, ҳәмме оған қарсы бола-
ды ҳәм ол барлық туўысқанлары
менен душпан болып өмир сүре-
ди, – деди.
13 Ажар: «Мен өзимди көрип тур-
ған Қудайды көрдим», – деп, өзи
менен сөйлескен Жаратқан Ийе-
ни «Эл-Роий»[b] деп атады. 14 Сон-
лықтан Қадеш пенен Бередтиң
арасында жайласқан бул қудық
«Беер-Лахай-Роий»[c] деп аталады.
15 Ажар Ибрамға ул туўып берди.
Ибрам улына Исмайыл деп ат қой-
ды. 16 Ажар Исмайылды туўғанда,
Ибрам сексен алты жаста еди.

---

[a] **16:11** *Исмайыл* – «Қудай еситеди» ямаса «Қудай еситсин» дегенди билдиреди.
[b] **16:13** *Эл-Роий* – «мени көрип турған Қудай» дегенди билдиреди.
[c] **16:14** *Беер-Лахай-Роий* – «мени көрип турған Тири Қудайдың қудығы» дегенди билдиреди.

### Сүннет – келисимниң белгиси

17 [1] Ибрам тоқсан тоғыз жас-
та болғанда, Жаратқан Ийе
оған көринип:
– Мен Қүдирети күшли Қудай-
ман. Мениң жолым менен жүр ҳәм
минсиз бол. [2] Мен сениң менен Өз
келисимимди дүземен ҳәм сениң
урпақларыңды есап-сансыз қы-
лып көбейтемен, – деди.
[3] Ибрам ет бетинен жығылды.
Сонда Қудай оған былай деди:
[4] – Мениң сениң менен дүзетуғын
келисимим мынаў: сен көп халық-
лардың бабасы боласаң. [5] Енди се-
ниң атың Ибрам емес, ал Ибрайым[a]
болады. Себеби Мен сени көп ха-
лықлардың бабасы қыламан. [6] Мен
сениң нәсилиңди сансыз етип кө-
бейтип, сеннен халықлар дөрете-
мен. Сениң урпағыңнан патшалар
келип шығады. [7] Мен сениң менен
ҳәм сеннен кейинги урпақларың ме-
нен келешек әўладларға өтетуғын
мәңгилик келисим дүземен: Мен
сениң ҳәм сеннен кейинги урпақла-
рыңның Қудайы боламан. [8] Ҳәзир
өзиң келгинди болып жасап атыр-
ған пүткил Қанан жерин саған ҳәм
сеннен кейинги урпақларыңа мәң-
гиге меншик етип беремен ҳәм Мен
олардың Қудайы боламан.
[9] Қудай Ибрайымға және былай
деди:
– Ал сен ҳәм сеннен кейинги ур-
пақларың Мениң келисимимди
әўладлар даўамында сақлаўыңыз
тийис. [10] Мениң сениң менен ҳәм
сениң урпақларың менен дүзген
келисимим, яғный сизлер орын-
лаўыңыз керек болған келисим
мынаў: сизлердиң араңыздағы ҳәр
бир ер адам сүннет етилиўи тийис.
[11] Сизлер сүннет етилиўиңиз шәрт.
Сүннет арамыздағы келисимниң
белгиси болады. [12] Ҳәр бир ер ба-
ла, соның ишинде үйиңизде туўыл-
ған ямаса урпағыңыздан болмай,
қандай да бир шет елли адамнан
сатып алынған қуллар сегиз күн-
лигинде сүннет етилсин. Бул әў-
ладлар бойы даўам етсин. [13] Олар
үйиңде туўылған болса да, сатып
алынған болса да, сүннет етилиўи
шәрт. Денеңиздеги бул белги Ме-
ниң мәңгилик келисимимниң бел-
гиси болады. [14] Сүннет етилмеген
ҳәр бир еркек өз халқы арасынан
шығарылып жиберилсин. Өйтке-
ни ол келисимди бузған болады.
[15] Қудай Ибрайымға және бы-
лай деди:
– Ендигиден былай, ҳаялыңды
Сарай деп емес, ал Сара[b] деп ша-
қыр. [16] Мен оны жарылқайман ҳәм
ол арқалы саған бир ул беремен.
Мен оны жарылқайман ҳәм ол ха-
лықлардың анасы болады. Оннан
халықлардың патшалары келип
шығады.
[17] Ибрайым ет бетинен жығыл-
ды. Ол: «Жүз жасар ғаррыдан ба-
ла туўыла ма? Тоқсан жасар Сара
бала туўа ма?» – деп ойлап, күлип
қойды. [18] Соң ол Қудайға:

---

a **17:5** *Ибрам... Ибрайым* – еврейшеде Ибрам – «уллы әке», ал Ибрайым – «көп-лердиң әкеси» дегенди билдиреди.
b **17:15** *Сарай... Сара* – еврейшеде бул еки ат та «ханбийке» деген мәнисти бил-диреди.

– Ҳеш болмаса, Исмайыл алдың-
да аман жүргей, – деди.
19 Сонда Қудай оған былай деди:
– Яқ, ҳаялың Сара саған ул ту-
ўып береди. Сен оның атын Ысақ
деп қоясаң. Мен оның менен ҳәм
оның урпақлары менен мәңгилик
келисимимди дүземен. 20 Ал Ис-
майылға келсек, сениң ол туўралы
айтқанларыңды еситтим. Мен оны
жарылқап, өсип-өндиремен ҳәм
урпақларын есап-сансыз қылып
көбейтемен. Исмайылдан он еки
көсем келип шығады. Мен оннан
уллы халық дөретемен. 21 Бирақ
Мен Өз келисимимди келеси жы-
лы усындай ўақытта Сараның ту-
ўатуғын улы Ысақ пенен дүземен.
22 Қудай Ибрайым менен сөйле-
сип болғаннан кейин, жоқарыға
көтерилип кетти.
23 Ибрайым Қудайдың айтқа-
нындай, сол күни-ақ үйиндеги
барлық еркеклерди: улы Исмайыл-
ды, үйинде туўылған ҳәм сатып
алынған ер адамлардың ҳәммесин
сүннет еттирди. 24 Ибрайым өзи
сүннет етилгенде, тоқсан тоғыз
жаста, 25 ал улы Исмайыл он үш
жаста еди. 26 Ибрайым ҳәм оның
улы Исмайыл да сол күни-ақ сүн-
нет етилди. 27 Олар менен бирлик-
те Ибрайымның үйиндеги барлық
еркеклер: сол үйде туўылғанлар
ҳәм шет елли адамлардан сатып
алынған қуллар да сүннет етилди.

### Қудайдың Ибрайымға ул бериўди ўәде етиўи

**18** 1 Күнниң жәзийрама ыссы
ўақтында, Ибрайым шатыр-
дың кирер аўзында отырған еди.
Сонда оған Мамрениң теребинф
тереклиги қасында Жаратқан Ийе
көринди. 2 Ибрайым басын көтерип
қарағанда, қарсы алдында үш адам-
ның турғанын көрди. Ол дәрҳал
отырған орнынан ушып турды да,
оларды қарсы алыўға асықты ҳәм
жерге дейин ийилип, тәжим етти.
3 Соңынан Ибрайым былай деди:
– Мырзам, егер мен мийрими-
ңизге ерискен болсам, мендей
қулыңызды шетлеп өтпең. 4 Аяқла-
рыңызды жуўыўыңыз ушын аз-маз
суў алдырайын. Мына теректиң ас-
тында дем алыңлар. 5 Мендей қу-
лыңыз тәрепке жолыңыз түскен
екен, ҳәлленип алыўыңыз ушын
жейтуғын бир нәрселер әкелейин.
Соң жолыңызды даўам етерсиз.
Олар:
– Яқшы, өзиң айтқаныңдай қыла
бер, – деди.
6 Ибрайым асығыслық пенен ша-
тырға, Сараның қасына келип, оған:
– Тез сапалы уннан үш табақ қа-
мыр ийлеп, пәтир писир, – деди.
7 Соңынан Ибрайым падаға жу-
ўырып барды да, бир жас ҳәм жақ-
сы баспақты алып, оны хызметши
жигитке берди. Жигит оны тез та-
ярлаўға киристи. 8 Ибрайым қатық,
сүт ҳәм писирилген баспақ гөшин
әкелип, қонақлардың алдына қой-
ды. Олар аўқатланып отырғанда,
Ибрайым олардың қасында, те-
ректиң астында турды.
9 Олар Ибрайымнан:
– Ҳаялың Сара қаяқта? – деп со-
рады.
– Усы жерде, шатырда, – деп жу-
ўап берди Ибрайым.
10 Сонда олардың бири оған:
– Келеси жылы усындай ўақытта
Мен сениң жаныңа сөзсиз қайтып

келемен, сол ўақытта Сара уллы
болады, – деди.
Ал Сара Оның арт бетинде, шатыр-
дың кирер аўзында тыңлап турған
еди. 11 Ибрайымның да, Сараның
да әлле қашан жасы өтип, қарта-
йып қалған еди. Сара бала туўыў
жасынан өткен еди. 12 Сонлықтан
Сара ишинен күлип: «Қартайып қал-
ған болсам, бундай ҳәзликке бөлене
алар ма екенмен? Оның үстине хожа-
йыным да қартайған», – деп ойлады.
13 Сонда Жаратқан Ийе Ибра-
йымға:
– Сара не ушын: «Мен ҳақыйқат-
тан да, қартайғанда бала туўа ала-
ман ба?» – деп күлди. 14 Жаратқан
Ийе ушын мүмкин емес нәрсе бар
ма? Мен белгиленген ўақытта, ке-
леси жылы усындай ўақытта жа-
ныңа қайтқанымда, Сара уллы
болады, – деди.
15 Сара қорқып кетип:
– Күлгеним жоқ, – деп өтирик
сөйледи.
Бирақ Ол:
– Яқ, күлдиң, – деди.

## Ибрайымның Содом ушын жалбарыныўы

16 Адамлар сол жерден шығып,
төменге, Содомға қарай кетти.
Ибрайым да оларды шығарып са-
лыў ушын бирге жүрди. 17 Сонда
Жаратқан Ийе былай деди: «Мен
ислейжақ исимди Ибрайымнан жа-
сыраман ба? 18 Ибрайымнан уллы
ҳәм күшли халық келип шығып,
жер жүзиндеги барлық халық-
лар ол арқалы жарылқанатуғыны
сөзсиз-ғо. 19 Туўры ҳәм әдил ис-
лерди ислеп, жолым менен жүриў-
ди балаларына ҳәм урпақларына
буйырсын деп, Мен Ибрайымды
таңладым. Солай етип, Мен оған
берген сөзимди орынлайман».
20 Соңынан Жаратқан Ийе және
былай деди: «Содом ҳәм Гомора
себепли шегилген налалар оғада
көп ҳәм олардың гүналары да жү-
дә аўыр. 21 Енди Мен төменге тү-
сип, олардың ислеген ислериниң
Мен еситкендей дәрежеде жаман
ба екенлигин көрейин. Егер олай
болмаса, оны да билейин».
22 Еки адам бурылып, Содомға қа-
рай кетти. Бирақ Ибрайым Жаратқан
Ийениң алдында турып қалды. 23 Со-
ңынан ол Жаратқан Ийеге жақыны-
рақ келип былай деди:
– Сен ҳақ адамды наҳақ адам менен
бирге қырып тасламақшымысаң?
24 Мүмкин, бул қалада елиў ҳақ адам
бар шығар? Сен ҳақыйқаттан да, сол
жерди ишиндеги елиў ҳақ адам ушын
кеширмей, қырып таслайжақсаң ба?
25 Булай ислеўден аўлақ бола гөр! Ҳақ
адам менен наҳақ адамның тәғди-
рин бирдей қылып, ҳақ адамды на-
ҳақ адамға қосып өлтириўден аўлақ
болғайсаң! Пүткил дүньяны Ҳүким
етиўши әдил болыўы керек емес пе?
26 Жаратқан Ийе оған:
– Егер Мен Содомнан елиў ҳақ
адам тапсам, олар ушын сол жер-
ди кеширемен, – деп жуўап берди.
27 Сонда Ибрайым даўам етип:
– Мен топырақ ҳәм күл сыяқлы би-
реў болсам да, жүрек етип, О Ийем,
Саған сөйлеп атырман: 28 егер ҳақ
адам елиў болыўы ушын бесеўи
жетпесе, сол бесеўи ушын Сен пүт-
кил қаланы жоқ етесең бе? – деди.
– Яқ, егер ол жерден қырық бес
ҳақ адам тапсам, оны жоқ етпей-
мен, – деди Қудай.

29 Ибрайым жәнe:
– Егер ол жерден қырық ҳақ адам
табылса ше? – деди.
Ол:
– Егер қырық ҳақ адам табылса да,
олай ислемеймен, – деди.
30 Сонда Ибрайым:
– О, Ийем, айтатуғын сөзиме
ашыўланба, бирақ егер ол жерден
отыз ҳақ адам табылса ше? – деди.
Қудай Ибрайымға:
– Егер ол жерден отыз ҳақ адам та-
былса да, олай ислемеймен, – деди.
31 Ибрайым тағы:
– О, Ийем, мен Саған сөйлеўге жү-
рек еттим: ал егер ол жерде тек жи-
гирма ҳақ адам табылса ше? – деди.
Ол Ибрайымға:
– Жигирмасы ушын да қаланы
жоқ етпеймен, – деди.
32 Соңынан Ибрайым былай деди:
– О, Ийем, мен және бир мәртебе
сөйлесем ашыўланба: егер ол жер-
ден тек ғана он адам табылса ше?
Ол:
– Он адам ушын да қаланы жоқ
етпеймен, – деп жуўап берди.
33 Жаратқан Ийе Ибрайым ме-
нен сөйлесип болғаннан кейин, сол
жерден кетти. Ибрайым да өз үйи-
не қайтты.

### Содом ҳәм Гомора қалаларының қыйратылыўы

19 1 Кеш болғанда, еки периш-
те Содомға келди. Лут қала
дәрўазасының жанында отырған
еди. Лут оларды көргенде, күтип
алыў ушын орнынан турды да,
маңлайы жерге тийгенше ийилип,
тәжим етти ҳәм оларға:
2 – Мырзалар, қулыңыздың
үйине кириңлер. Аяқларыңызды
жуўыңлар ҳәм бизикинде қонып
қалыңлар. Соңынан ерте азанда
турып, жолыңызды даўам етер-
сиз, – деди.
Олар:
– Яқ, бизлер түнди қала майда-
нында өткиземиз, – деди.
3 Бирақ Лут жалынып қоймаған-
лықтан, олар Лутқа ерип, оның
үйине келди. Лут олар ушын аўқат
таярлады ҳәм ашытқысыз нан пи-
сирди. Олар аўқатланды.
4 Олар еле жатып үлгермей аты-
рып, Содом қаласының ҳәмме тәре-
пинен барлық еркеклер, жаслардан
баслап ғаррыларға шекем Луттың
үйин қоршап алды. 5 Олар Лутты
шақырып:
– Бүгин кеште саған келген адам-
лар қай жерде? Оларды бизлерге
шығарып бер, олар менен жата-
йық, – деди.
6 Лут сыртқа шығып, арқасынан
қапыны жапты да, 7 оларға бы-
лай деди:
– Туўысқанлар, бундай зулым-
лықты ислемеңлер! 8 Минекей,
мениң еркек қолы тиймеген еки
қызым бар. Мен оларды сизлерге
шығарып берейин. Оларға қәлеге-
ниңизди ислеңлер. Тек бул адам-
ларға қол тийгизбеңлер, өйткени
олар үйимнен баспана тапқан қо-
нағым-ғо!
9 Сонда олар:
– Жолды босат! Өзиң келгинди
болып, қазылық та қылмақшы-
мысаң. Бизлер енди саған бете-
рин көрсетемиз, – деди де, Лутты
бар күши менен ийтерип, қапыны
сындырмақшы болды.
10 Бирақ иштеги адамлар қолла-
рын созып, Лутты үйдиң ишине

киргизди де, қапыны жаўып тас-
лады. 11 Ал есик алдында турған
адамлардың жасын ғаррысын ҳәм-
месин соқыр етип таслады. Олар
есикти де таба алмай қалды.
12 Соңынан иштеги адам Лутқа
былай деди:
– Бул жерде басқа кимиң бар? Кү-
йеў балаларың, улларың, қызларың
ҳәм қалада өзиңе дерек ким бол-
са да, ҳәммесин бул жерден алып
шық. 13 Себеби бизлер бул жерди
жоқ етпекшимиз. Бул халық үсти-
нен Жаратқан Ийеге жетип барған
шағымлар жүдә көп. Ол бизлерди
қаланы жоқ қылыў ушын жиберди.
14 Лут сыртқа шықты да, болажақ
күйеў балаларына барып:
– Дәрҳал бул жерден кетиңлер!
Өйткени Жаратқан Ийе бул қала-
ны жоқ етпекши, – деди.
Деген менен, олар Лутты ҳәзил-
лесип атыр деп ойлады.
15 Таң атқанда, периштелер Лут-
ты асықтырып:
– Ҳаялыңды ҳәм еки қызыңды ал
да, тез бул жерден кет! Болмаса, қа-
ла жазаланғанда, сен де бирге өлип
кетесең! – деди.
16 Ал Лут еле екиленип турған еди.
Лутқа Жаратқан Ийениң мийрими
түскенликтен, периштелердиң өз-
лери Луттың, оның ҳаялының ҳәм
қызларының қолларынан услап,
қаладан шығарды.
17 Оларды сыртқа шығарыўдан-
ақ, периштелердиң бири Лутқа:
– Кейниңе бурылып қарама. Бул
тегисликлердиң ҳеш бир жеринде
иркилмей таўға қаш, болмаса өле-
сең, – деди.
18 Бирақ Лут оларға:
– Яқ, мырзалар! 19 Мине, қулыңыз
болған мен сизлердиң мийрими-
ңизге еристим ҳәм жанымды қут-
қарып, үлкен жақсылық қылдыңыз.
Бирақ мен таўға жете алмайман, се-
беби апатқа ушырап, өлип қаламан.
20 Әне, қашып жете алғандай, киш-
кене бир қала бар екен. Ол кишке-
не қала-ғо! Мен жанымды сақлап
қалыўым ушын, сол қалаға қашып
бара қояйын, – деп өтинди.
21 Олардың бири Лутқа:
– Яқшы, сениң бул тилегиңди де
қабыл етемен. Сен айтқан сол қала-
ны қыйратпайман. 22 Тез сол жерге
қашып бар! Өйткени сен сол жерге
барып жетпегениңше, Мен ҳеш нәр-
се ислей алмайман, – деди.
Сол себептен бул қала Соар[a] деп
аталады.
23 Лут Соарға жетип келген-
де, әлле қашан қуяш шыққан еди.
24 Жаратқан Ийе Содом ҳәм Гомо-
ра үстине аспаннан отлы күкирт
жаўдырды. 25 Ол бул қалаларды,
пүткил тегисликти, ол жерде жа-
саўшылардың ҳәммесин ҳәм жер-
деги барлық өсимликлерди жоқ
етти. 26 Бирақ Луттың ҳаялы ар-
тына бурылып қарап, дузға айла-
нып қатып қалды.
27 Ибрайым азанда ерте турып,
бурын өзи Жаратқан Ийениң ал-
дында турған жерге келди. 28 Ол
Содом менен Гомораға ҳәм пүткил
тегисликке қарап, жердиң пеш сы-
яқлы түтеп турғанын көрди.
29 Солай етип, Қудай тегислик-
теги қалаларды қыйратқан ўақыт-
та Ибрайымды еске алды ҳәм Лут

---

a **19:22** *Соар* – «кишкене» дегенди билдиреди.

жасаған қалаларды қыйратқанда,
Лутты аман сақлап қалды.

### Лут ҳәм оның қызлары

30 Лут Соарда қалыўдан қорқ-
қанлықтан, еки қызы менен бир-
ге қаладан шығып, таўға кетти. Ол
еки қызы менен бирге бир үңгирде
жасай баслады. 31 Бир күни үлкен
қызы кишкенесине былай деди:
– Әкемиз қартайып қалды. Бул
дүньяның әдети бойынша, биз-
лерге үйленетуғын бул дөгеректе
бирде бир еркек жоқ. 32 Кел, әке-
мизге шарап ишкизип, оның менен
жатайық ҳәм әкемиз арқалы нәси-
лимизди жалғастырайық.
33 Олар сол күни түнде әкеси-
не шарап ишкизди ҳәм үлкен қы-
зы әкесиниң жанына кирип, оның
менен жатты. Бирақ әкеси қызы-
ның қашан жатып, қашан турға-
нын билмеди.
34 Келеси күни үлкен қызы киш-
кенесине:
– Өткен түнде мен әкем менен
жаттым. Оған бүгин түнде де ша-
рап ишкизейик ҳәм сен барып, әке-
миз бенен жат. Солай етип, әкемиз
арқалы нәсилимизди жалғастыра-
йық, – деди.
35 Сол күни түнде олар әкесине
және шарап ишкизди ҳәм кишке-
не қызы әкесиниң жанына кирип,
оның менен жатты. Бирақ әкеси
қызының қашан жатып, қашан тур-
ғанын билмеди.
36 Солай етип, Луттың еки қы-
зы да әкесинен ҳәмиледар болды.
37 Үлкен қызы ул туўып, оған Мо-
аб деп ат қойды. Ол – ҳәзирги мо-
аб халқының бабасы. 38 Кишкене
қызы да ул туўып, оған Бен-Аммий
деп ат қойды. Ол – ҳәзирги аммон
халқының бабасы.

### Ибрайым ҳәм Абимелех патша

20 1 Ибрайым Мамреден Не-
геб жерине көшип, Қадеш
ҳәм Шур аралығында жасады. Со-
ңынан бир қанша ўақыт Герарда
қалды. 2 Ол ҳаялы Сараны: «Ол
мениң қарындасым», – деди. Сон-
лықтан Герар патшасы Абимелех
адам жиберип, Сараны алдыртты.
3 Бирақ Қудай бир күни түнде Аби-
мелехтиң түсине енип:
– Сен бул ҳаялды алғаның ушын
өлесең, себеби оның күйеўи бар, –
деди.
4 Абимелех еле Сараға жақынла-
ған жоқ еди. Ол:
– Ийем! Сен айыпсыз адамларды
жоқ етпекшимисең? 5 Ибрайым-
ның өзи маған оны қарындасым
деп айтты-ғо. Ҳаялы да: «Ол ме-
ниң әжағам», – деген еди. Бул исте
мениң ҳүжданым таза, қолларым
да ҳадал, – деди.
6 Сонда Қудай түсинде оған
былай деди: «Аўа, сениң ҳүжда-
ныңның таза екенин билемен. Сон-
лықтан сени Маған қарсы гүна
ислеўден сақлап, ҳаялға қол тий-
гизиўиңе жол қоймадым. 7 Ал енди
ҳаялды күйеўине қайтып бер. Өйт-
кени ол – пайғамбар. Ол сен ушын
дуўа етеди, сонда сен өлмейсең.
Бирақ билип қой: егер сен ҳаялды
күйеўине қайтарып бермесең, он-
да өзиң де, барлық адамларың да
өлесизлер».
8 Абимелех азанда ерте турды да,
өзиниң барлық хызметкерлерин
жыйнап, оларға болған ўақыяны
айтып берди. Олар қатты қорқып

кетти. 9 Абимелех Ибрайымды ша-
қыртып, оған былай деди:
– Сен неге бизлерге булай иследиң?
Мени ҳәм мениң патшалығымды
бундай үлкен гүнаға батырғандай,
мен саған не жаманлық қылған
едим? Сен маған ислеўге болмайту-
ғын ислерди иследиң, – деди. 10 Со-
ңынан ол Ибрайымнан:
– Бул исти қандай мақсетте ис-
ледиң? – деп сорады. 11 Ибрайым
былай деп жуўап берди:
– Мен бул жерлерде адамлар ҳеш
Қудайдан қорқпайды ҳәм ҳаялым
ушын мени өлтириўи мүмкин деп
ойладым. 12 Ҳақыйқатында да, ол –
мениң қарындасым. Бизлердиң
әкемиз бир, аналарымыз басқа бол-
ғанлықтан, мен оған үйленген едим.
13 Қудай маған әкемниң үйин қалды-
рып, еллерди гезиўди буйырғанда,
мен өз ҳаялыма: «Маған жақсылық
исле: қай жерге барсақ та, мени әжа-
ғам деп айт», – деп айтқан едим.
14 Сонда Абимелех Ибрайымға қой,
сыйыр, қул ҳәм шорыларды саўғаға
берди. Ол Сараны да қайтарып бер-
ди ҳәм 15 Ибрайымға былай деди:
– Мениң жерлерим сениң көз
алдыңда: қай жерди қәлесең, сол
жерде жаса. 16 Ал Сараға былай де-
ди: – Минекей, мен әжағаңа мың
шекел[a] гүмис берип атырман. Бул
жаныңдағы адамлар алдында се-
ниң намысыңның таза екенин көр-
сететуғын дәлил болады. Ҳәмме
сениң айыпсыз екениңди билсин.
17 Сонда Ибрайым Қудайға дуўа
етти ҳәм Қудай Абимелехке, оның
ҳаялына ҳәм шорыларына шыпа
берди. Олар және туўатуғын бол-
ды. 18 Себеби Ибрайымның ҳая-
лы Сара себепли Жаратқан Ийе
Абимелехтиң үйиндеги барлық ҳа-
ялларды бала туўмайтуғын етип
таслаған еди.

### Ысақтың туўылыўы

21 1 Жаратқан Ийе Өзи айт-
қанындай Сараға нәзерин
түсирип, Өз ўәдесин орынлады.
2 Сара ҳәмиледар болды ҳәм ол
Ибрайымға қартайған шағын-
да, Қудай белгилеген ўақытта ул
туўып берди. 3 Ибрайым туўыл-
ған баласына, яғный Сара туўып
берген улына Ысақ[b] деп ат қойды.
4 Қудайдың өзине буйырғанындай,
Ибрайым улы Ысақты сегиз күн-
лигинде сүннет еттирди. 5 Ысақ ту-
ўылғанда, Ибрайым жүз жаста еди.
6 Сара былай деди: «Қудай маған
күлки сыйлады. Буны еситкенлер-
диң ҳәммеси мениң менен бирге кү-
леди». 7 Және де: «Ким Ибрайымға:
„Сара бала емизеди“, – деп айта ал-
ған болар еди? Өйткени Ибрайым
қартайғанда, мен оған ул туўып
бердим-ғо», – деди.

### Ажар менен Исмайылдың қуўылыўы

8 Ысақ үлкейип, емшектен шығa-
рылған күни Ибрайым үлкен зыяпат
берди. 9 Бирақ Сара мысырлы Ажар-
дың Ибрайымға туўып берген улы
Исмайылдың Ысақты мазақ етип
атырғанын көргенде, 10 Ибрайым-
ға: «Бул шорыны баласы менен бир-
ге қуўып жибер. Себеби шорының

a **20:16** *Мың шекел* – бир шекел шама менен 11 гр.
b **21:3** *Ысақ* – «күледи» дегенди билдиреди.

улы мениң улым Ысақ пенен бирге
мийрасхор болмасын», – деди.
11 Бул гәп Ибрайымға аўыр тий-
ди. Өйткени Исмайыл да оның улы
еди. 12 Бирақ Қудай Ибрайымға
былай деди:
– Сен баланы ҳәм шорынды қай-
ғырма! Сара не айтса, соны исле, се-
беби сениң урпағың Ысақ арқалы
даўам етеди. 13 Бирақ шорыңның
улынан да Мен бир халық шығара-
ман, өйткени ол да сениң урпағың.
14 Ертеңине таң азанда, Ибрайым
нан ҳәм бир мес суў алды да, олар-
ды Ажардың ийнине салды ҳәм
оны баласы менен қосып шығарып
жиберди. Ажар кетип баратырып,
Беер-Шеба шөлинде адасып қалды.
15 Местеги суў таўысылғанда,
Ажар баласын бир путаның астын-
да қалдырды да: 16 «Баламның қа-
лай өлетуғынын көрмейин», – деп
арырақ кетти ҳәм бир оқ жетирим
жерге барып отырып, дад салып
жылай баслады.
17 Қудай баланың жылағанын есит-
ти ҳәм Оның бир периштеси Ажар-
ға аспаннан даўыслап: «Ажар, саған
не болды? Қорқпа, Қудай балаңның
жатырған жеринен оның жылағанын
еситти. 18 Бар да, баланы турғызып,
оны қолынан жетеле. Мен оннан ул-
лы халық жаратаман», – деди.
19 Соңынан Қудай Ажардың кө-
зин ашты ҳәм ол бир қудықты
көрди. Ол барып, месин суўға тол-
тырды да, баласына суў ишкизди.
20 Солай етип, Қудай бала менен
бирге болды. Ол өсип, шөлде жа-
сады ҳәм мерген болды. 21 Исма-
йыл Паран шөлинде жасап атырған
ўақтында, анасы оған Мысырдан
бир қызды ҳаяллықка алып берди.

## Ибрайым менен Абимелехтиң келисим дүзиўи

22 Сол ўақытлары Абимелех ҳәм
оның сәркәрдасы Пихол Ибрайым-
ға былай деди:
– Ҳәр бир исиңде Қудай сениң ме-
нен бирге. 23 Сонлықтан сен мени,
перзентлеримди ҳәм урпақларым-
ды да алдамайман деп, Қудай ҳақы
ант иш. Мен саған қандай жақсы-
лық еткен болсам, сен де маған ҳәм
өзиң келгинди болып жасап атыр-
ған елге сондай жақсылық ет.
24 Ибрайым:
– Мен ант ишемен, – деди.
25 Соңынан Ибрайым Абимелехке
адамларының бир қудықты тартып
алғаны ҳаққында айтып, шағым
етти. 26 Ал Абимелех оған:
– Мен буны кимниң ислегенин
билмеймен. Сен маған ҳеш нәрсе
айтпаған едиң. Мен бул ҳаққында
ҳәзир еситип турман, – деди.
27 Кейин Ибрайым Абимелехке
қой ҳәм сыйырлар саўға етти ҳәм
екеўи келисим дүзди. 28 Ибрайым
сүриўден жети урғашы қозыны
айырып қойды. 29 Абимелех оннан:
– Бул жети урғашы қозыны айы-
рып қойыўыңның мәниси не? – деп
сорады.
30 Ибрайым оған:
– Бул қудықты мениң қаздырға-
нымның дәлили сыпатында, мына
жети урғашы қозыны мениң қо-
лымнан қабыл ет, – деди.
31 Солай етип, сол жер Беер-Шеба[a]
деп аталды, өйткени олар екеўи сол

---

[a] **21:31** *Беер-Шеба* – «ант қудығы» ямаса «жетиниң қудығы» дегенди билдиреди.

жерде ант ишискен еди. 32 Беер-Ше-
бада келисим дүзгеннен соң, Аби-
мелех ҳәм оның сәркәрдасы Пихол
филистлердиң жерине қайтып кетти.
33 Ибрайым Беер-Шебада бир
тамариск[a] ағашын тикти ҳәм сол
жерде Жаратқан Ийениң, мәңгилик
Қудайдың атын айтып шақырды.
34 Ибрайым филистлердиң жеринде
келгинди болып көп ўақыт жасады.

### Ибрайымның сыналыўы

**22** 1 Бир қанша ўақыттан ке-
йин, Қудай Ибрайымды
сынады. Қудай оған:
– Ибрайым! – деди.
Ибрайым:
– Ләббәй! – деди.
2 Сонда Қудай оған:
– Өзиңниң сүйикли жалғыз улың
Ысақты алып, Мория жерине бар.
Ол жерде, Мен саған көрсететуғын
таўлардың биринде оны қурбан-
лыққа шалып, жағып жибер, – деди.
3 Ибрайым ертеңине азанда ерте
турып, ешегине жүклерди артты.
Ол өзи менен бирге еки хызмет-
ши баласын ҳәм улы Ысақты алды.
Қурбанлық ушын отын шаўып бо-
лып, Қудайдың өзине айтқан же-
рине барыў ушын жолға шықты.
4 Үшинши күни Ибрайым көз тас-
лап, айтылған орынды узақтан көр-
ди. 5 Ибрайым хызметшилерине:
– Сизлер усы жерде ешек пенен
бирге қалыңлар. Ал бизлер бала-
мыз екеўимиз ана жерге барып,
Қудайға сыйынамыз ҳәм сизлер-
ге қайтып келемиз, – деди.
6 Ибрайым қурбанлық ушын ша-
ўылған отынларды баласы Ысаққа
арқалатып, өзи от пенен пышақты
алды. Соңынан екеўи бирге жүрип
кетти. 7 Кетип баратырып, Ысақ
әкесине:
– Аға! – деди.
– Ләббәй, улым, – деди Ибрайым.
Ысақ оннан:
– Минекей, от ҳәм отын бар. Би-
рақ жандырылатуғын қурбанлық
ушын берилетуғын жанлық қәне? –
деп сорады.
8 Ибрайым:
– Улым, жандырылатуғын қур-
банлық болатуғын жанлықты
Қудайдың Өзи жеткизеди, – деп
жуўап берди.
Солай етип, олар екеўи жолын
даўам етти.
9 Олар Қудайдың Ибрайымға айт-
қан жерине жетип келгенде, Ибра-
йым қурбанлық орын қурып, оның
үстине отынларды қалады. Кейин
улы Ысақты байлап, қурбанлық
орындағы отынлардың үстине жат-
қызды. 10 Ибрайым баласын баўыз-
ламақшы болып, пышақты алды.
11 Бирақ Жаратқан Ийениң бир пе-
риштеси аспаннан даўыслап:
– Ибрайым! Ибрайым! – деди.
– Ләббәй, – деди ол.
12 Периште оған:
– Балаға қол көтерме, оған ҳеш
нәрсе ислеме. Енди мен сениң
Қудайдан қорқатуғыныңды бил-
дим. Себеби сен Меннен жалғыз
улыңды да аямадың, – деди.
13 Ибрайым басын көтерип, пу-
талыққа шақынан илинип турған
қошқарды көрди. Ол барып, қош-
қарды әкелди де, улының орнына
қошқарды қурбанлық ушын шалып,

---

a **21:33** *Тамариск* – жыңғылға уқсаған, бирақ оннан бийик ҳәм сулыў терек.

жағып жиберди. 14 Солай етип, Иб-
райым сол орынды Яҳўе-Ире[a] деп
атады. Сонлықтан усы күнге дейин:
«Жаратқан Ийениң тауында жет-
керип бериледи», – деп айтылады.
15 Жаратқан Ийениң периштеси
екинши рет Ибрайымға аспаннан
даўыслап 16 былай деди: «Жаратқан
Ийе былай дейди: „Өз атым ме-
нен ант ишемен, сен бул исти ис-
леп, жалғыз улыңды да аямадың,
17 сонлықтан Мен сени үсти-үсти-
не жарылқайман. Урпақларыңды
аспандағы жулдызлар ҳәм теңиз
жағасындағы қумлар сыяқлы үс-
ти-үстине көбейтемен. Сениң ур-
пақларың өз душпанларының
қалаларына ийелик етеди. 18 Ма-
ған бойсынғаның ушын, урпақла-
рың арқалы жер жүзиндеги барлық
халықлар жарылқанады“».
19 Соннан кейин, Ибрайым хыз-
метшилериниң жанына қайтып
келди. Олар бирликте Беер-Шеба-
ға қарай кетти. Ибрайым сол жер-
де жасап қалды.

### Нахордың урпақлары

20 Бир қанша ўақытлардан соң,
Ибрайымға: «Туўысқаның Нахорға
ҳаялы Милка уллар туўып берди», –
деген хабар жетип келди. 21 Милка
туңғышы Усты, оның иниси Бузды,
Арамның әкеси Кемуелди, 22 Кесед-
ти, Хазоны, Пилдашты, Идлафты
ҳәм Бетуелди дүньяға келтирди.
23 Ал Бетуелден Ребекка туўыл-
ды. Усы сегиз улды Ибрайымның
туўысқаны Нахорға Милка туўып
берди. 24 Нахордың Реума деген
тоқалы да оған Тебах, Гахам, Та-
хаш ҳәм Мааха деген балаларды
туўып берди.

### Сараның қайтыс болыўы

**23** 1 Сара бир жүз жигирма
жети жыл өмир сүрди. 2 Ол
Қанан жериндеги Кирят-Арбада,
яғный ҳәзирги Хебронда қайтыс
болды. Ибрайым Сара ушын жы-
лап, аза тутты. 3 Соңынан ол ҳая-
лының денесиниң қасынан шығып,
хетлерге:
4 – Мен араңызда келгинди ҳәм
жат адамман. Өз марҳумымды
жерлеп, мазар қылыўым ушын,
жериңизден маған аз-маз сатың-
лар, – деди.
5 Хетлер Ибрайымға былай деп
жуўап берди:
6 – Мырза, бизлерди тыңлаңыз.
Сиз бизлердиң арамыздағы күш-
ли бир төресиз. Марҳумыңызды
қәбирлеримиздиң ең жақсысына
апарып қойыңыз. Марҳумыңыз-
ды қойыўыңыз ушын, бизлердиң
ҳеш биримиз де қәбиримизди ая-
маймыз.
7 Сонда Ибрайым сол елдиң хал-
қы болған хетлерге тәжим етип
8 былай деди:
– Егер сизлер мениң өз марҳумым-
ды жерлеўиме қайыл болсаңыз, онда
мени тыңлап, мен ушын Сохардың
улы Эфроннан өтиниш етиңлер. 9 Ол
өз атызының шетиндеги Махпела
үңгирин маған сатсын. Сол үңгир-
ди мазарға айландырыўым ушын,
мен сизлердиң алдыңызда үңгир-
диң қунын толық төлеймен.

---

a **22:14** *Яҳўе-Ире* – «Жаратқан Ийе көреди», яғный «Жаратқан Ийе жеткереди» дегенди билдиреди.

10 Хет халқынан болған Эфрон
өз халқының арасында отырған
еди. Ол қала дәрўазасының алдына
жыйналған барлық хетлерге есит-
тирип, Ибрайымға:
11 – Яқ, мырзам, мени тыңлаң.
Мен үңгирге қоса атызды да бере-
мен. Мен өз халқымның алдында
оны сизге беремен. Марҳумыңызды
жерлей бериң, – деп жуўап берди.
12 Ибрайым сол жердиң хал-
қының алдында тәжим етти ҳәм
13 ҳәммеге еситтирип, Эфронға:
– Өтиниш, мени тыңлаңыз, атыз
ушын ақша төлейин. Оны қабыл
етиң. Мен марҳум ҳаялымды сол
жерге жерлейин, – деди.
14 Сонда Эфрон Ибрайымға:
15 – Яқшы, мырзам, мени тың-
лаң. Жердиң баҳасы төрт жүз ше-
кел гүмис. Төрт жүз шекел гүмис
туратуғын бир бөлек жер бизлер-
диң арамызда не болыпты? Мар-
ҳумыңызды жерлей бериң, – деп
жуўап берди.
16 Ибрайым ыразы болып, Эфрон
хетлердиң алдында еситтирип айт-
қан төрт жүз шекел гүмисти саўдада
қолланылатуғын өлшем бойынша
тәрезиге салып, өлшеп берди.
17 Солай етип, Мамреге жақын
жердеги Махпелада орналасқан
Эфронның атызы, ондағы үңгир
ҳәм ол жерде өсип турған барлық
тереклер 18 Ибрайымның менши-
гине айланды. Буған қала дәрўаза-
сының алдына жыйналған барлық
хетлер гүўа болды.
19 Соннан кейин, Ибрайым ҳаялы
Сараны Қанан жериндеги Мамре-
ге, яғный Хебронға жақын жерде-
ги Махпела атызындағы үңгирге
қойды. 20 Солай етип, хетлерден
алынған атыз ҳәм ондағы үңгир
мазар сыпатында Ибрайымның
мүлкине айланды.

### Ысақтың үйлениўи

**24** 1 Ибрайым қартайып, би-
раз жасқа барып қалған
еди. Жаратқан Ийе оны ҳәр тәреп-
леме жарылқап қойған еди. 2 Иб-
райым үйиндеги ҳәмме нәрсени
басқаратуғын бас хызметшисине
былай деди:
– Қолыңды санымның астына қо-
йып, 3 аспан ҳәм жердиң Қудайы
болған Жаратқан Ийе ҳақы ант
ишиўиңди қәлеймен: мен арала-
рында жасап атырған қанан хал-
қынан улыма қыз алма. 4 Ал улым
Ысаққа қыз алыў ушын мениң ели-
ме, ағайин-туўғанларыма бар.
5 Хызметши Ибрайымнан:
– Егер қыз мениң менен бирге бул
елге келиўди қәлемесе ше? Онда улы-
ңызды өзиңиз шығып кеткен елге
апарыўым керек пе? – деп сорады.
6 Ибрайым оған былай деди:
– Яқ, улымды ҳасла ол жерге апа-
ра гөрме! 7 Мени өз әкемниң үйинен,
туўылған елимнен алып шығып:
«Бул жерди сениң урпақларыңа бе-
ремен», – деп ант ишкен аспанның
Қудайы Жаратқан Ийе сениң ал-
дыңнан Өз периштесин жибере-
ди ҳәм сен сол жерден улыма қыз
алып келесең. 8 Егер қыз сениң ме-
нен бирге келиўди қәлемесе, он-
да сен маған берген бул антыңнан
азат боласаң. Тек улымды ол жер-
ге апара гөрме!
9 Солай етип, хызметши хожайы-
ны Ибрайымның санының астына
қолын қойып, айтылғанды ислеў-
ге ант ишти.

10 Соңынан хызметши хожайы-
нының түйелеринен онын ҳәм ҳәр
қыйлы қымбат баҳалы затларынан
алып, жүрип кетти. Ол Арам-На-
ҳарайымдағы Нахор жасайтуғын
қалаға жетип келди. 11 Хызмет-
ши түйелерин қала сыртындағы
қудықтың қасына шөктирди. Бул
ҳаял-қызлар суў алыў ушын шы-
ғатуғын кешки пайыт еди.

12 Сонда хызметши былай деп дуўа
етти: «Жаратқан Ийе, хожайыным
Ибрайымның Қудайы! Бүгин маған
әўмет берип, хожайыным Ибрайым-
ға жақсылық ислей гөр! 13 Мине, мен
қудық басында турман, қаланың
қызлары суў алыўға киятыр. 14 Мен
қайсы қызға: „Гүзенди еңкейт, мен
суў ишип алайын“, – дегенимде, ол:
„Ишиңиз, мен түйелериңизди де суў-
ғараман“, – десе, онда сол қыз Сениң
қулың Ысақ ушын таңлаған қызың
болсын. Хожайыныма жақсылық
ислегениңди соннан билейин».

15 Хызметши еле дуўасын тамам-
ламай атырып-ақ, ийнине гүзесин
көтерген Ребекка келип қалды. Ол
Ибрайымның иниси Нахор менен
ҳаялы Милканың улы Бетуелдиң
қызы еди. 16 Ребекка оғада сулыў,
еркек қолы тиймеген қыз еди. Ол
қудыққа қарай төмен түсти де, гүзе-
син суўға толтырып, жоқары шық-
ты. 17 Ибрайымның хызметшиси
қыздың алдына жуўырып шығып:

– Өтиниш, гүзеңнен маған аз-маз
суў бер, – деди.

18 – Ишиңиз, мырза, – деп қыз
дәрҳал гүзесин ийнинен түсирди
де, оған ишиўге суў берди. 19 Қыз
оған ишкизип болып:

– Мен түйелериңизди де шөли
қанғанша суўғарып берейин, – деди.
20 Соңынан қыз гүзесиндеги қал-
ған суўды наўаға қуйып босатты да,
және суў тартып шығарыў ушын
қудыққа қарай жуўырып кетти.
Солай етип, ол хызметшиниң бар-
лық түйелерин суўғарды. 21 Ал хыз-
метши болса, Жаратқан Ийениң
жолын әўметли қылған ямаса қыл-
мағанын билиў ушын, қызға дық-
қат қойып, үнсиз қарап турды.

22 Түйелери суў ишип болғаннан
соң, ол қызға аўырлығы ярым ше-
кел шығатуғын алтын әребек ҳәм
он шекел шығатуғын еки алтын би-
лезик берди. 23 Соңынан ол қыздан:

– Айтшы, кимниң қызысаң? Биз-
лердиң түнеп шығыўымыз ушын
әкеңниң үйинен орын табыла ма? –
деп сорады.

24 Қыз оған:

– Мен Милканың Нахорға туўып
берген улы Бетуелдиң қызыман.
25 Бизде сабан да, жем де көп, тү-
неў ушын орын да бар, – деп жу-
ўап берди.

26 Сонда хызметши тәжим етип,
Жаратқан Ийеге сыйынды да: 27 «Өз
мийрим-шәпәәтин ҳәм садықлы-
ғын хожайынымнан аямаған Ибра-
йымның Қудайы Жаратқан Ийеге
алғыслар болсын. Ол мени туўры
хожайынымның ағайин-туўғанла-
рының үйине баслап келди», – деди.

28 Қыз анасының үйине жуўы-
рып барып, болған ўақыя ҳаққын-
да айтып берди.

29 Ребекканың Лабан деген әжа-
ғасы бар еди. Ол қудық басында
турған адамға қарай жуўырып кет-
ти. 30 Лабан қарындасының мур-
нындағы әребекти, қолларындағы
билезиклерди көрип, Ребеккадан
ол адамның өзине не айтқанын

еситкенде, дәрҳал сол адамның
жанына кеткен еди. Ал сол адам
қудық басында, түйелердиң жа-
нында турған еди. 31 Лабан оған:
– Үйге жүриң, Жаратқан Ийе жа-
рылқаған бенде! Неге сыртта ту-
рыпсыз? Мен өзиңиз ушын бөлме,
түйелериңиз ушын орын таярлап
қойдым, – деди.
32 Солай етип, хызметши үйге
кирди. Лабан түйелердиң жүкле-
рин түсиртип, алдына сабан ҳәм
жем салдырды. Хызметшиниң ҳәм
оның жанындағылардың аяқла-
рын жууыу ушын суу әкелдирди.
33 Алдыларына аўқат қойылған-
да, хызметши:
– Мен не ушын келгенимди айт-
пай турып, аўқат жемеймен, – деди.
– Мейли, айтың, – деди олар.
34 Сонда хызметши былай деди:
– Мен Ибрайымның хызметши-
симен. 35 Жаратқан Ийе хожайы-
нымды мол-мол етип жарылқап,
оны байытты. Оған қой ҳәм сы-
йырлар, гүмис ҳәм алтынлар, қул
ҳәм шорылар, түйе ҳәм ешеклер
берди. 36 Хожайынымның ҳаялы
Сара қартайған шағында оған ул
тууып берди. Хожайыным өзиниң
барлық мал-мүлкин улына тапсыр-
ды. 37 Хожайыным маған ант иш-
тирип: «Улыма мен жеринде жасап
атырған қанан халқының қызлары-
нан емес, 38 ал мениң ата журтыма,
ағайин-туўғанларыма барып, сол
жерден қыз алып бересең», – де-
ди. 39 Мен хожайынымнан: «Егер
ол қыз мениң менен келиўди қәле-
месе ше?» – деп сорадым. 40 Сонда
ол маған: «Мен Жаратқан Ийениң
жолы менен жүрмен. Ол Өз периш-
тесин сениң менен бирге жиберип,
жолыңды береди. Сен ағайин-
туўғанларымнан, ата журтымнан
улыма қыз алып кел. 41 Егер сен
ағайин-туўғанларыма барғаның-
да, олар саған қызын бермесе, онда
сен ишкен антыңнан азат боласаң,
аўа, сен усындай жағдайда ишкен
антыңнан азат боласаң», – деди.
42 Солай етип, мен бүгин қудық
басына келгенимде: «Жаратқан
Ийе, хожайыным Ибрайымның
Қудайы! Өтинемен, жолымды бе-
ре гөр! 43 Ҳәзир мен қудық басында
турман. Егер мен суў алыўға кел-
ген қызлардың бирине: „Өтиниш,
гүзеңнен маған аз-маз суў бер“, –
десем, 44 ол маған: „Ишиңиз, мен тү-
йелериңизди де суўғараман“, – деп
айтса, Жаратқан Ийениң хожайы-
нымның улы ушын таңлаған қызы
сол болсын», – деп дуўа еттим.
45 Мен еле ишимнен дуўа етип
турғанымда, ийнине гүзесин кө-
терип, Ребекка сыртқа шықты. Ол
төмен түсип, қудықтан суў алды.
Мен оған: «Өтиниш, маған ишиў-
ге суў бер», – дедим.
46 Ребекка дәрҳал ийнинен гүзе-
син түсирип: «Ишиңиз, мен түйе-
лериңизди де суўғараман», – деди.
Солай етип, мен суў иштим, ол тү-
йелеримди суўғарды.
47 Мен оннан: «Кимниң қызы-
саң?» – деп сорадым.
Ол маған: «Мен Милканың На-
хорға тууып берген улы Бетуелдиң
қызыман», – деди.
Сонда мен оның мурнына әре-
бек, қолларына билезик тақтым.
48 Соң тәжим етип, Жаратқан Ийе-
ге сыйындым. Хожайынымның
улына инисиниң ақлық қызын
алыў ушын маған туўры жолды

көрсеткен хожайыным Ибрайым-
ның Қудайы Жаратқан Ийеге ал-
ғыслар айттым.
49 Енди сизлер хожайынıма жақ-
сылық ислеп, садықлық көрсет-
пекши болсаңыз, маған айтыңлар,
егер қәлемесеңиз, оны да айтыңлар,
мен не ислейтуғынымды шешейин.
50 Лабан менен Бетуел былай деп
жуўап берди:
– Бул – Жаратқан Ийениң иси.
Бизлер саған жақсы-жаман, ҳеш
нәрсе айта алмаймыз. 51 Ми-
не, Ребекка, оны алып кете бер.
Жаратқан Ийениң айтқанындай,
ол сениң хожайыныңның улына
ҳаял болсын.
52 Ибрайымның хызметшиси бу-
ны еситкенде, жерге дейин ийилип,
Жаратқан Ийеге сыйынды. 53 Со-
ңынан хызметши гүмис ҳәм алтын
затларды, кийимлерди шығарып,
Ребеккаға берди, және де, оның
әжағасы менен анасына да қымбат
баҳалы саўғалар берди. 54 Соңынан
хызметши ҳәм оның жанындағы-
лар ишип-жеди ҳәм сол жерде қо-
нып қалды.
Ертеңине азанда олар уйқыдан
турғанда, хызметши:
– Енди рухсат болса, хожайыны-
ма қайтаман, – деди.
55 Бирақ Ребекканың әжағасы
ҳәм анасы:
– Қыз онлаған күн бизлер менен
болсын, кейин жолға шығарсыз-
лар, – деди.
56 Ал хызметши буған:
– Жаратқан Ийе жолымды берип
тур екен, мени ирикпеңлер. Маған
хожайыныма қайтыўға рухсат бе-
риңлер, – деди.
57 Сонда олар:
– Қызды шақырып сорайық, өзи
не дер екен? – деди. 58 Солай етип,
олар Ребекканы шақырып, оннан:
– Мына адам менен кетесең бе? –
деп сорады.
– Кетемен, – деди ол.
59 Солай етип, олар Ребекканы,
оның тәрбияшысын, Ибрайымның
хызметшиси менен оның адамла-
рын шығарып салды. 60 Олар Ре-
беккаға пәтия берип былай деди:

«Қарындасым, анасы бол мың-
мыңлаған перзентлердиң,
Үрим-путақларың ийелесин
душпан қалаларын».

61 Соңынан Ребекка ҳәм оның жас
шорылары таярланып, түйелерге
минди ҳәм Ибрайымның хызмет-
шисиниң изине ерди. Солай етип,
хызметши Ребекканы алып, жол-
ға шықты.
62 Сол арада Негеб жеринде жа-
сап атырған Ысақ Беер-Лахай-Ро-
ийден қайтып келген еди. 63 Кеште
Ысақ ойланыў ушын атызға шық-
ты ҳәм ол басын көтерип қарағанда,
жақынлап киятырған түйелерди
көрди. 64 Ребекка Ысақты көрип,
түйеден түсти ҳәм 65 хызметшиден:
– Бизлерге қарай атыз бойлап кия-
тырған ана адам ким? – деп сорады.
– Бул – мениң хожайыным, – деп
жуўап берди хызметши.
Сонда Ребекка жаўлығын алып,
жүзин жапты. 66 Хызметши Ысаққа
ислеген ислериниң ҳәммесин айтып
берди. 67 Ысақ Ребекканы анасы-
ның шатырына алып келди ҳәм
оған үйленди. Солай етип, Ребек-
ка Ысақтың ҳаялы болды. Ысақ Ре-
бекканы сүйип қалды. Усы тәризде

ол анасы қайтыс болғаннан кейин-
ги қайғысына жубаныш тапты.

### Ибрайымның соңғы жыллары ҳәм өлими

25 1 Ибрайым жәнe Қатура
деген ҳаялға үйленди. 2 Ол
Ибрайымға Зимран, Иоқшан, Ме-
дан, Мидян, Ишбақ ҳәм Шуах атлы
балаларды туўып берди. 3 Иоқшан-
нан Шеба менен Дедан туўылды.
Деданның урпақларынан ашшур,
летуш ҳәм леум халықлары келип
шықты. 4 Мидянның уллары: Эфа,
Эфер, Ханох, Абида ҳәм Элдаа. Бу-
лардың ҳәммеси Қатурадан тара-
ған урпақлар еди.

5 Ибрайым өзиниң барлық мал-
мүлкин Ысаққа қалдырды. 6 Ал
тоқалларының балаларына көзи-
ниң тири ўақтында саўғалар берип,
оларды Ысақтан узақластырып,
шығыстағы жерлерге жиберди.
7 Ибрайым барлығы болып бир жүз
жетпис бес жыл өмир сүрди. 8 Ол
ғаррылық дәўранын сүрип, узақ
жасады, қартайған шағында деми
таўысылып, қайтыс болды ҳәм өз
ата-бабаларына қосылды. 9 Уллары
Ысақ ҳәм Исмайыл оны Мамреге
жақын жердеги, хет халқынан бол-
ған Сохардың улы Эфронның аты-
зындағы Махпела үңгирине қойды.
10 Ибрайым бул атызды хетлерден
сатып алған еди. Солай етип, Иб-
райым ҳәм оның ҳаялы Сара сол
жерге қойылды. 11 Ибрайымның
өлиминен соң, Қудай оның улы
Ысақты жарылқады. Ысақ Беер-
Лахай-Роийдиң жанында жасай-
туғын еди.

### Исмайылдың урпақлары

12 Сараның шорысы, мысырлы
Ажардан туўылған Ибрайымның
улы Исмайылдың шежиреси мы-
надай: 13 Исмайылдың улларынын
ның туўылыў тәртиби бойынша
атлары мынадай: туңғыш улы Не-
байот, соң Кедар, Адбеел, Миб-
сам. 14 Мишма, Дума, Масса,
15 Хадад, Тема, Етур, Нафиш ҳәм
Кедма. 16 Исмайылдың уллары
болған булар – он еки урыўдың
көсеми болды. Усы он еки урыў
ҳәм олардың аўыллары менен мә-
кан басқан жерлери олардың ат-
лары менен аталды. 17 Исмайыл
бир жүз отыз жети жасында деми
таўысылып, қайтыс болды ҳәм өз
ата-бабаларына қосылды. 18 Ис-
майылдың урпақлары Хаўила
ҳәм Шур аралығындағы жерлерге
мәкан басқан еди. Шур Ашшурға
баратуғын жолда, Мысырға жа-
қын жайласқан еди. Олар барлық
туўысқанлары менен жаўласып
өмир сүрди.

### Яқып пенен Эсаўдың туўылыўы

19 Ибрайымның улы Ысақтың
өмир тарийхы мынадай: Ибра-
йымнан Ысақ туўылды. 20 Ысақ
Ребеккаға үйленгенде қырық жас-
та еди. Ребекка Паддан-Арамнан[a]
болған арамлы Бетуелдиң қызы,
арамлы Лабанның қарындасы еди.
21 Ысақ ҳаялы ушын Жаратқан
Ийеге дуўа етти, өйткени ҳаялы
перзентсиз еди. Жаратқан Ийе
Ысақтың дуўасына жуўап берди

---

a **25:20** *Паддан-Арам* – Арам-Наҳарайым.

ҳәм Ребекка ҳәмиледар болды.
**22** Оның қурсағындағы балалар
бир-бири менен төбелесе баслады.
Сонда Ребекка: «Неге бундай бо-
лып атыр?» – деп Жаратқан Ийе-
ден сорады. **23** Жаратқан Ийе оған
былай деди:

«Сениң қурсағыңда еки халық
бар,
Сеннен еки түрли халық
бөлинип шығар,
Бири екиншисинен күшлирек
болып,
Үлкени кишкенесине
бағынышлы болар».

**24** Ребекканың туўыў ўақты кел-
генде, қурсағында егиз уллардың
бар екени мәлим болды. **25** Бирин-
ши туўылған улының денеси қы-
зыл, териси тон сыяқлы жүнли еди.
Сонлықтан оның атын Эсаў[a] деп
қойды. **26** Кейин оның сыңары ту-
ўылды. Ол Эсаўдың табанын қолы
менен услап шыққан еди. Сонлық-
тан оны Яқып[b] деп атады. Олар ту-
ўылғанда, Ысақ алпыс жаста еди.

### Эсаўдың Яқыпқа туңғышлығын сатыыўы

**27** Балалар өсип, ержетти. Эсаў
дүзди сүйетуғын шебер аңшы, ал
Яқып үйден шықпайтуғын тыныш
адам болды. **28** Ысақ Эсаўды жақсы
көретуғын еди, себеби оның аўлап
әкелген аңларының гөшин жеўди
унататуғын еди. Ал Ребекка Яқып-
ты жақсы көретуғын еди.
**29** Бир күни Яқып аўқат писирип
атырғанда, Эсаў дүзден шаршап, аш
болып келди. **30** Ол Яқыпқа:
– Маған мына қызыл аўқатыңнан
бер, мен аш болып турман, – деди.
Сол себепли ол Эдом[c] деп те аталды.
**31** Яқып оған:
– Дәслеп маған туңғышлығыңды
сат! – деди.
**32** Эсаў оған:
– Аштан өлейин деп турғаным-
да, туңғышлықтан маған не пай-
да? – деди.
**33** Яқып:
– Дәслеп маған ант бер! – деди.
Сонда Эсаў Яқыпқа ант берип, өз
туңғышлығын оған сатты.
**34** Соннан кейин, Яқып Эсаўға
нан ҳәм қызыл лобия сорпа бер-
ди. Эсаў ишип-жеп болып, орны-
нан турып кетти.
Солай етип, Эсаў өз туңғышлы-
ғын писент етпеди.

### Ысақ пенен Ребекка Герарда

**26** **1** Елде Ибрайымның дәўи-
ринде болған ашлықтан
басқа бир ашлық жүз берди. Ысақ
Герарға, филистлердиң патша-
сы Абимелехке кетти. **2** Жаратқан
Ийе Ысаққа көринип былай деди:
«Мысырға барма, Мен айтатуғын
жерде жаса. **3** Сол жерде келгин-
ди болып жасай бер. Мен сениң
менен бирге болып, сени жарыл-
қайман. Мине, усы жерлердиң
ҳәммесин саған ҳәм сениң урпақ-
ларыңа беремен. Әкең Ибрайым-
ға берген антымды орынлайман.

---

a **25:25** *Эсаў* – «жүнли» дегенди билдириўи мүмкин.
b **25:26** *Яқып* – «табанды услап алады», астарлы мәниси «алдайды».
c **25:30** *Эдом* – «қызыл» дегенди билдиреди.

4 Сениң урпақларыңды аспандағы
жулдызлар сыяқлы көбейтип, усы
жерлердиң ҳәммесин оларға бере-
мен. Жер жүзиниң барлық халық-
лары сениң урпақларың арқалы
жарылқанады. 5 Өйткени Ибра-
йым Маған бойсынып, Мениң тап-
сырмаларымды, буйрықларымды,
қағыйдаларымды ҳәм көрсетпеле-
римди орынлады».
6 Солай етип, Ысақ Герарда орна-
ласып қалды. 7 Сол жердиң халқы
оннан ҳаялы ҳаққында сорағанда,
ол ҳаялын қарындасым деп айт-
ты. Себеби ол: «Ребекка гөззал,
сонлықтан бул жердиң адамлары
мени ол себепли өлтиреди», – деп
ойлап, оны ҳаялым деп айтыўға
қорқты. 8 Ысақ сол жерде жасап
атырғанына көп болғанда, филист-
лердиң патшасы Абимелех тере-
зеден қарап, Ысақтың Ребекканы
аймалап атырғанын көрди. 9 Сонда
Абимелех Ысақты шақырып алып:
– Ол сениң ҳаялың екен-ғо. Не-
ге оны қарындасым дедиң? – деп
сорады.
Ысақ оған жуўап берип:
– Өйткени, ол себепли мени өл-
тиреди деп ойладым, – деди.
10 Абимелех оған:
– Неге бизлерге булай иследиң?
Халық арасынан биреўдиң ҳаялы-
ңа жақынласып қойыўы мүмкин
еди-ғо. Сондай болғанда, сен биз-
лерди гүнаға батырар едиң! – де-
ди. 11 Соңынан Абимелех пүткил
халыққа: «Ким де ким бул адамға
ямаса оның ҳаялына қол тийгиз-
се, ол сөзсиз өлтириледи», – деди.

## Ысақ пенен Абимелех арасындағы келисимниң дүзилиўи

12 Ысақ сол жерге туқым септи
ҳәм сол жылы жүз есе артық өним
алды. Себеби оны Жаратқан Ийе
жарылқаған еди. 13 Ысақ байып
кетти, байлығы кем-кемнен көбе-
йип, ол жүдә бай адамға айланды.
14 Оның ири ҳәм майда маллары,
көп хызметшилери болғанлықтан,
филистлер оны қызғана баслады.
15 Әкеси Ибрайымның тири ўақ-
тында оның хызметшилери қазған
қудықлардың ҳәммесин филист-
лер топырақ пенен көмип таслады.
16 Сонда Абимелех Ысаққа:
– Бизиң жеримизден кет, өйтке-
ни сен бизлерден гөре анағурлым
күшли болып кеттиң, – деди.
17 Соннан кейин, Ысақ ол жерден
кетип, Герар ойпатлығына шатыр-
ларын тикти ҳәм сол жерге қоныс
басты. 18 Әкеси Ибрайымның тири
ўақтында қазылып, оның өлими-
нен соң филистлер тәрепинен кө-
мип тасланған қудықларды Ысақ
қайтадан қаздырып, оларға әкеси
қойған бурынғы атларды қойды.
19 Ысақтың хызметшилери ойпат-
лықта қудық қазып атырып, бир
булақ тапты. 20 Герар шопанлары:
«Бул суў бизлердики», – деп Ысақ-
тың шопанлары менен жәнжеллес-
ти. Олар өзи менен таласқаны ушын
Ысақ қудықты Эсек[a] деп атады.
21 Соңынан олар басқа бир қудық
қазды. Бирақ бул қудық себепли
де жәнжел шығып, Ысақ оны Сит-
на[b] деп атады. 22 Ысақ ол жерден

---

a **26:20** *Эсек* – «таласыў» дегенди билдиреди.
b **26:21** *Ситна* – «душпанлық» дегенди билдиреди.

көшип кетип, және басқа бир қу-
дық қаздырды. Бул қудық себепли
жәнжел шықпағанлықтан, Ысақ
оны Рехобот[a] деп атап: «Жаратқан
Ийе ақыры бизлерге кең жер берди.
Енди бизлер бул жерде өсип-өне-
миз», – деди.
**23** Ысақ ол жерден Беер-Шебаға
көшип кетти. **24** Жаратқан Ийе сол
күни түнде оған көринип: «Мен
әкең Ибрайымның Қудайыман.
Қорқпа, Мен сениң менен бирге-
мен. Мен сени жарылқайман ҳәм
қулым Ибрайым ушын урпағың-
ды көбейтемен», – деди. **25** Ысақ
сол жерде қурбанлық орын қурып,
Жаратқан Ийениң атын айтып ша-
қырды. Ол шатырларын сол жер-
ге тикти ҳәм оның хызметшилери
бир қудық қазды.
**26** Абимелех, оның кеңесгөйи
Ахуззат ҳәм сәркәрдасы Пихол
Герардан Ысаққа келди. **27** Ысақ
оларға:
– Неге мениң алдыма келдиңлер?
Сизлер мени жек көрип, елиңизден
қуўып жиберген едиңиз-ғо! – деди.
**28** Олар:
– Жаратқан Ийениң сениң менен
бирге екенин бизлер анық билдик.
Сонлықтан бизлер сениң менен
өз ара ант ишип, келисим дүзиў-
ди ойладық.
**29** Бизлер саған қол тийгизбей,
тек жақсылық етип, сени тыныш-
лық пенен жибергенимиз сыяқлы,
сен де бизлерге жаманлық ислеме-
ўиң ҳаққында келисим дүзейик.
Сен енди Жаратқан Ийе тәрепи-
нен жарылқанған адамсаң, – деди.
**30** Ысақ олар ушын зыяпат берди
ҳәм олар ишип-жеди. **31** Ертеңине
таң азанда турып, олар бир-бирине
ант берди. Соңынан Ысақ оларды
шығарып салды ҳәм олар Ысақтың
алдынан аман-есен кетти.
**32** Усы күни Ысақтың хызмет-
шилери келип: «Бизлер суў тап-
тық», – деп өзлери қазған қудық
ҳаққында оған хабарлады. **33** Ысақ
ол қудықтың атын Шеба[b] деп ата-
ды. Сол себепли ол қаланың аты
бүгинги күнге шекем Беер-Шеба
деп аталады.

### Эсаўдың хет халқынан алған ҳаяллары

**34** Эсаў қырық жасқа толғанда,
хет халқынан болған Беерийдиң
қызы Яҳудитке ҳәм хет халқынан
болған Элонның қызы Басематқа
үйленди. **35** Бул ҳаяллар Ысақ пе-
нен Ребекканың басына көп қай-
ғы салды.

### Ысақтың Яқыпқа пәтия бериўи

**27** **1** Ысақ қартайып, көзи көр-
мей қалды. Ол үлкен улы
Эсаўды шақырып алып, оған:
– Улым! – деди.
– Ләббәй! – деп жуўап берди Эсаў.
**2** Ысақ оған былай деди:
– Мине, мен қартайып қалдым,
қашан өлетуғынымды билмеймен.
**3** Енди сен қуралларыңды: садақ
ҳәм оқларыңды ал да, дүзге кетип,
мен ушын бир аң аўлап кел. **4** Кейин
мен жақсы көретуғын мазалы аў-
қат таярлап, маған алып кел. Мен

---

a **26:22** *Рехобот* – «кеңлик» дегенди билдиреди.
b **26:33** *Шеба* – «ант» ямаса «жети» дегенди билдиреди.

оны жеп, өлмесимнен бурын саған
пәтия берейин.
5 Ысақ улы Эсаўға бул сөзлерди
айтып атырғанда, буны Ребекка
еситип турған еди. Эсаў аң аўлап
әкелиў ушын дүзге кеткенде, 6 Ре-
бекка улы Яқыпқа былай деди:
– Мен әкеңниң әжағаң Эсаўға айт-
қан гәпин еситип қалдым. Әкең
оған: 7 «Маған бир аң аўлап әкелип,
мазалы аўқат таярла. Мен оны жеп,
өлмесимнен бурын саған Жаратқан
Ийе алдында пәтия берейин», – де-
ди. 8 Улым, енди мени дыққат пенен
тыңлап алып, айтқанларымды ис-
ле: 9 сүриўге барып, ол жерден ма-
ған еки ылақты сайлап әкел. Мен
олардан әкең жақсы көретуғын ма-
залы аўқат таярлайын. 10 Соңынан
сен оны жеўи ушын әкеңе апарасаң.
Сонда әкең өлмесинен бурын саған
пәтиясын береди. 11 Яқып анасы
Ребеккаға:
– Бирақ әжағам Эсаўдың дене-
син жүн басқан, ал мениң денемде
жүн жоқ. 12 Егер әкем мени сыйпа-
лап көрсе не қыламан? Оны алдап
атырғанымды билип қойса, пәтия
орнына ғарғыс аламан-ғо, – деди.
13 Анасы оған:
– Балам, саған келетуғын ғарғыс
маған келсин. Сен мениң гәпиме
кирип, ылақларды алып кел! – деди.
14 Сонда Яқып барып, ылақлар-
ды анасына әкелип берди. Анасы
олардан Ысақ жақсы көретуғын ма-
залы аўқат таярлады. 15 Соңынан
Ребекка үлкен улы Эсаўдың үйде-
ги ең жақсы кийимлерин алып, ки-
ши улы Яқыпқа кийгизди. 16 Оның
қолларын ҳәм мойнының жүнсиз
жерлерин ылақлардың териси ме-
нен орады. 17 Кейин өзи таярлаған
мазалы аўқат пенен нанды улы
Яқыптың қолына берди.
18 Солай етип, Яқып әкесиниң
жанына келип:
– Аға! – деди.
Әкеси оған:
– Ләббәй, улым, сен кимсең? – деди.
19 Яқып әкесине:
– Мен сениң туңғыш улың Эсаў-
ман. Мен сениң айтқаныңды исле-
дим. Тикейип отырып, мен әкелген
аңның гөшинен же. Солай етип, ма-
ған пәтияңды бер, – деди.
20 Ысақ улынан:
– Қалайынша бунша тез таптың,
улым? – деп сорады.
Яқып әкесине:
– Сениң Қудайың болған
Жаратқан Ийе мениң жолымды
берди, – деп жуўап берди.
21 Сонда Ысақ Яқыпқа:
– Жақынырақ кел, улым. Сен ыра-
сында да, улым Эсаўсаң ба ямаса ол
емессең бе, соны билиў ушын се-
ни бир сыйпалап көрейин, – деди.
22 Яқып әкеси Ысаққа жақынла-
ды. Әкеси оны сыйпалап көрип:
«Даўысы – Яқыптың даўысы, би-
рақ қоллары – Эсаўдың қоллары», –
деп сөйленди. 23 Яқыптың қоллары
әжағасы Эсаўдың қолларындай
жүнли болғанлығы себепли, Ысақ
оны танымады. Сонлықтан ол пә-
тиясын бермекши болып атырып,
24 және оннан:
– Сен ырасында да, улым Эсаў-
мысаң? – деп сорады.
– Аўа, Эсаўман, – деп жуўап бер-
ди Яқып.
25 Сонда Ысақ оған:
– Улым өзиң әкелген аңның гө-
шин алып кел. Мен оны жеп, саған
пәтиямды берейин, – деди.

Яқып дәслеп аўқатты, кейин шарапты әкелип, әкесине берди. Әкеси аўқаттан жеп, шараптан ишти.
26 Соңынан Ысақ оған:
– Жақынырақ келип, мени сүй, улым! – деди.
27 Яқып жақынырақ барып, әкесин сүйди. Ысақ оның кийимлеринен Эсаўдың ийисин сезди ҳәм Яқыпқа пәтиясын берип, былай деди:

«Мине, улымның ийиси,
Мегзер Жаратқан Ийе
жарылқаған дала ийисине.
28 Берсин Қудай саған аспан шығын,
Ҳәм жердиң өнимдар
топырағын,
Мол ғәлле ҳәм жүзим сууын.
29 Халықлар саған хызмет етсин,
Миллетлер алдында бас ийсин.
Бийлик ет туўысқанларыңның
үстинен,
Қаналасларың алдында бас
ийсин.
Сени ғарғайтуғынлар ғарғысқа
ушырасын,
Сени жарылқайтуғынлар
жарылқансын».

30 Яқып Ысақтың пәтиясын ала
сала, оның алдынан шығып баратырған ўақытта-ақ, әжағасы Эсаў
аңнан қайтып келди. 31 Эсаў да мазалы аўқат таярлап, әкесине әкелди. Соңынан ол әкесине:
– Аға! Тикейип отырып, мен әкелген аңның гөшинен же. Солай етип, маған пәтияңды бер, – деди.
32 Әкеси оннан:
– Сен кимсең! – деп сорады.
– Мен – сениң туңғыш улың Эсаўман, – деп жуўап берди ол.
33 Сонда Ысақ қатты шоршып, дирилдеп кетип:
– Ҳаў, олай болса, маған аң аўлап әкелген ким еди? Сен келместен бурын, мен тап жаңа ғана аўқатты жеп, оған пәтиямды берген едим. Енди пәтия алған ол болады, – деди.
34 Эсаў әкесиниң сөзлерин еситкенде, ашшы даўыс пенен бақырып жылап:
– Маған да пәтияңды бер, аға! – деди.
35 Бирақ әкеси оған:
– Иниң ҳийлекерлик пенен келип, саған тийисли пәтияны алып кетти, – деди.
36 Сонда Эсаў әкесине:
– Ол бийкарға Яқып деп аталмаған шығар! Ол мени еки рет
алдады-ғо: дәслеп туңғышлығымды алды, ал енди маған тийисли пәтияны да алып кетти, – деди.
Соңынан ол және: – Мен ушын ҳеш қандай пәтия қалдырмадың ба? – деп сорады.
37 Ысақ оған былай деп жуўап берди:
– Мен иниңди сени бийлейтуғын қылдым, барлық туўысқанларын оған хызметши еттим. Оны ғәлле ҳәм жаңа шарап пенен тәмийинледим. Енди мен сен ушын не ислей аламан, улым?
38 Эсаў әкесине:
– Аға! Сенде пәтия тек биреў ме? Маған да пәтияңды бер, аға! – деп дад салып жылай баслады.
39 Сонда Ысақ улына былай деп жуўап берди:

«Сениң мәканың өнимдар
топырақтан,
Аспан шығынан жырақ болады.

40 Қылышыңның күши менен
жасап,
Иниңе хызмет етесең.
Бирақ оған қарсы бас
көтергениңде,
Ол салған мойынтырықты
ылақтырып таслайсаң».
41 Әкеси пәтиясын Яқыпқа берге-
ни ушын, Эсаў иниси Яқыпты жек
көрип қалды. Эсаў: «Әкемниң өли-
ми шамаласты. Оны азалаў күнле-
ри өткеннен кейин, иним Яқыпты
өлтиремен», – деп ойлап жүрди.
42 Бирақ Ребекка үлкен улы Эсаў-
дың ойынан хабардар болғанда, ки-
ши улы Яқыпты шақыртып алып,
оған былай деди:
– Мине, әжағаң Эсаў сени өлти-
риўди ойлап, өзин жубатып жү-
рипти. 43 Енди улым, мениң сөзиме
қулақ сал: ҳәзир-ақ Харанға, әжа-
ғам Лабанның жанына қашып кет.
44 Әжағаңның ашыўы басыламан
дегенше, бир қанша ўақыт Лабан-
ның жанында қал. 45 Әжағаңның
ашыўы басылып, оған ислеген
исиң есинен шыққаннан соң, мен
биреўди жиберип, ол жерден се-
ни алдыраман. Болмаса, мен бир
күнде екеўиңизден де айырылып
қаламан-ғо.
46 Кейин Ребекка Ысаққа:
– Мына хет келинлеримиз мени
жанымнан тойдырды. Егер Яқып
та бул жердиң қызларына, хет қыз-
ларға үйленсе, онда маған жасаў-
дың неге кереги бар? – деди.

### Яқыптың дайысы Лабанның үйине кетиўи

**28** 1 Ысақ Яқыпты шақырып
алып, оған пәтиясын берди
ҳәм былай деп буйырды: «Кананлы
қызларға үйленбе. 2 Дәрҳал бул
жерден кетип, Паддан-Арамға,
анаңның әкеси Бетуелдиң үйине
бар. Ол жерде дайың Лабанның
қызларының биреўине үйлен. 3 Қү-
дирети күшли Қудай сени жарыл-
қасын, өсип-өндирип, көбейтсин
ҳәм урпағыңнан көплеген халық-
лар таратсын. 4 Ол Ибрайымға
берген жарылқаўын саған ҳәм се-
ниң урпақларыңа да берсин. Солай
етип, сен ҳәзир келгинди болып
жүрген жерди, Қудайдың Ибра-
йымға берген жерин меншик етип
ийелегейсең». 5 Соңынан Ысақ
Яқыпты жолға атландырды. Яқып
Паддан-Арамға, өзиниң ҳәм Эсаў-
дың анасы Ребекканың әжағасы,
арамлы Бетуелдиң улы Лабанның
үйине кетти.

### Эсаўдың Исмайылдың қызына үйлениўи

6 Ысақ Яқыпқа пәтия берип, үй-
лениўи ушын оны Паддан-Арамға
жибергенин, оған пәтия берип кты-
рып: «Кананлы қызларға үйлен-
бе», – деп буйырғанын ҳәм 7 Яқып
ата-анасының сөзине қулақ салып,
Паддан-Арамға кеткенин Эсаў бил-
ди. 8 Солай етип, Эсаў кананлы
қызлардың әкесине унамайтуғы-
нын түсинди. 9 Сонлықтан ол Ибра-
йымның улы Исмайылдың алдына
барды ҳәм ҳаялларының үстине
Исмайылдың қызы, Небайоттың
қарындасы Махалатты ҳаяллық-
қа алды.

### Яқыптың түси

10 Яқып Беер-Шебадан шығып,
Харанға қарай жол жүрди. 11 Ол
бир жерге жетип келгенде, түнеў

ушын тоқтады. Себеби қуяш ба-
тып қалған еди. Ол сол жерден бир
тасты алып, оны басының астына
қойды да, уйықлаў ушын жатты.
12 Яқып түсинде жер үстинде тик
турған текшени көрди. Текшениң
уша басы аспанға тийип турған бо-
лып, Қудайдың периштелери оның
үстинде минип-түсип жүрген еди.
13 Текшениң басында Жаратқан
Ийе турған болып, Ол Яқыпқа бы-
лай деди: «Мен – Ибрайымның
ҳәм Ысақтың Қудайы Жаратқан
Ийемен. Сен жатқан жерди Мен
саған ҳәм урпақларыңа беремен.
14 Сениң урпақларың жердиң қу-
мындай көп болып, батысқа ҳәм
шығысқа, арқаға ҳәм қублаға жа-
йылады. Жер жүзиндеги барлық
халықлар сен ҳәм сениң урпағың
арқалы жарылқанады. 15 Мен сениң
менен биргемен. Қай жерге барсаң
да, Мен сени қорғайман ҳәм сени
және усы жерге қайтараман. Саған
берген ўәдемди орынламағанымша, сени таслап кетпеймен».

16 Яқып оянып: «Ҳақыйқаттан да,
Жаратқан Ийе усы жерде екен-ғо,
бирақ мен билмеппен!» – деп ой-
лады. 17 Ол қорқып кетип: «Бул
жер қаншелли қорқынышлы! Бул
Қудайдың Үйинен басқа ҳеш нәрсе
емес, бул аспан дәрўазасы!» – деди.

18 Яқып азанда ерте турып, басы-
ның астына қойған тасты алды да,
оны естелик қылып тиклеп, үсти-
не зәйтүн майын қуйды. 19 Илгери
Луз деп аталған бул қалаға Бейт-
Эл[a] деп ат қойды.

20 Яқып ўәде берип, былай деди:
«Егер Қудай мениң менен бирге
болып, баратырған усы жолым-
да мени қорғаса, маған жеўге нан,
кийиўге кийим берсе, 21 сөйтип
мени әкемниң үйине аман-есен
қайтарса, онда Жаратқан Ийе ме-
ниң Қудайым болады. 22 Мен ес-
телик қылып тиклеген мына тас
Қудайдың Үйи болады. Сениң ма-
ған беретуғыныңның ҳәммесинен
Саған оннан бирин беремен».

### Яқыптың Лабанға барыўы

**29** 1 Яқып жолын даўам етип,
шығыс халықларының
жерлерине жетип келди. 2 Ол сол
жердеги далада бир қудықты ҳәм
қудықтың жанында жатырған үш
сүриў қойды көрди. Өйткени қой-
лар сол қудықтан суўғарылатуғын
еди. Қудықтың аўзында үлкен тас
бар еди. 3 Барлық сүриўлер ол жер-
ге жыйналғанда, шопанлар қудық-
тың аўзынан тасты алып қойып,
қойларды суўғаратуғын еди. Со-
ңынан олар тасты және өз орнына,
қудықтың аўзына қоятуғын еди.

4 Яқып шопанлардан:

– Туўысқанларым, қай жерден-
сизлер? – деп сорады.

Шопанлар оған:

– Бизлер Хараннанбыз, – деп жу-
ўап берди.

5 Яқып олардан:

– Нахордың ақлығы Лабанды та-
нийсызлар ма? – деп сорады.

– Аўа, таныймыз, – деп жуўап бер-
ди олар.

6 Яқып олардан және:

– Оның ҳал-жағдайы жақсы ма? –
деп сорады.

Олар:

---

a **28:19** *Бейт-Эл* – «Қудайдың Үйи» дегенди билдиреди.

– Жақсы, әне, оның қызы Рахила
қойларын айдап киятыр, – деди.
7 Яқып оларға:
– Күн батыўға еле көп ўақыт бар,
ҳәзир сүриўди жыйнайтуғын ўақыт
емес-ғо. Қойларыңызды суўғарып
болып, және отлатып қайтқаныңыз
жақсы емес пе? – деди.
8 Шопанлар:
– Барлық сүриўлерди жыйнап, қу-
дықтың аўзындағы тасты алып тас-
лағанымыздан кейин ғана, бизлер
қойларды суўғара аламыз, – деди.
9 Яқып шопанлар менен сөйлесип
турғанда, Рахила әкесиниң қойла-
ры менен келип қалды. Себеби ол
қой бағатуғын еди.
10 Яқып дайы-
сы Лабанның қызы Рахиланы ҳәм
оның қойларын көргенде қудыққа
барып, оның аўзындағы тасты алып
таслады да, дайысы Лабанның қой-
ларын суўғарды.
11 Соңынан Яқып
Рахиланы сүйип, өкирип жылап
жиберди.
12 Ол Рахилаға әкесиниң
жийени, Ребекканың улы екенин
айтты. Сонда Рахила жуўырып ба-
рып, әкесине хабар берди.
13 Лабан жийени Яқыптың келге-
нин еситиўден-ақ, оны қарсы алыў
ушын жуўырып шықты. Оны қу-
шақлап сүйди ҳәм үйине алып кел-
ди. Яқып оған болған ўақыялардың
ҳәммесин айтып берди.
14 Сонда Лабан Яқыпқа:
– Аўа, шынында да сен мениң қан-
лас туўысқаным екенсең! – деди.

### Яқыптың хызмет етиўи ҳәм үйлениўи

Яқып Лабандикинде бир айдай
жасағаннан кейин,
15 Лабан Яқыпқа:
– Ағайиним болғаның ушын, ма-
ған тегинге хызмет етиўиң керек
пе? Маған айт, хызмет ҳақыңа қан-
ша төлейин? – деди.
16 Лабанның еки қызы болып,
олардың үлкениниң аты Леа, киш-
кенесиниң аты Рахила еди.
17 Леа-
ның көзлери мүләйим, ал Рахила
қадди-қәўмети келискен, шырай-
лы еди.
18 Яқып Рахиланы сүйип
қалды. Ол Лабанға:
– Кишкене қызыңыз Рахила
ушын, мен сизге жети жыл хыз-
мет етемен, – деди.
19 Лабан оған:
– Басқа биреўге бергеннен гөре,
оны саған бергеним жақсы. Мени-
кинде жасай бер, – деди.
20 Солай етип, Яқып Рахила ушын
жети жыл хызмет етти. Яқып Ра-
хиланы сүйгенликтен, бул жети
жыл ол ушын бир неше күндей бо-
лып көринди.
21 Сонда Яқып Лабанға: «Ке-
лисилген ўақыт келди, енди
қызыңызды бериң, мен оған үй-
ленейин», – деди.
22 Солай етип, Лабан ол жердиң
барлық халқын жыйнап, той бер-
ди.
23 Бирақ түнде ол қызы Леаны
әкелип, Яқыпқа берди ҳәм Яқып
оның менен жатты.
24 Лабан шо-
рысы Зилпаны қызы Леаға хыз-
метши етип берди.
25 Яқып азанда турып қараса, жа-
нында Леа жатырғанын көрди. Ол
Лабанға:
– Бул не қылғаныңыз? Мен сиз-
ге Рахила ушын хызмет еткеним
жоқ па едим? Мени неге алдады-
ңыз? – деди.
26 Лабан оған:
– Бизлердиң дәстүримиз бойын-
ша, үлкен қызынан бурын кишке-
не қызын узатпайды.
27 Бул тойлаў

ҳәптеси тамам болсын, соңынан
саған Раҳиланы да беремиз. Бирақ
оның ушын және жети жыл хызмет
қыласаң, – деди.
**28** Яқып буған келисим берип, сол
бир ҳәптени Леа менен бирге өт-
кизди. Соңынан Лабан оған қы-
зы Раҳиланы да ҳаяллыққа берди.
**29** Лабан өз шорысы Билҳаны қы-
зы Раҳилаға хызметши етип берди.
**30** Яқып Раҳила менен де жатты ҳәм
ол Раҳиланы Леадан гөре көбирек
жақсы көрди. Солай етип, Яқып Ла-
банға және жети жыл хызмет етти.

### Яқыптың балалары

**31** Жаратқан Ийе Яқыптың Леада
кеўли жоқ екенин көргенде, оны ту-
ўатуғын қылды. Ал Раҳила бийпер-
зент еди. **32** Леа ҳәмиледар болып,
бир ул туўды. Ол: «Жаратқан Ийе
мениң бахытсызлығымды көрди.
Енди күйеўим мени жақсы көре-
туғын болады», – деп, улына Ру-
бен[a] деп ат қойды.
**33** Ол және ҳәмиледар болып, ул
туўғанда: «Жаратқан Ийе күйеўим-
ниң менде кеўли жоқ екенин еситти
ҳәм маған бул улды да берди», – деп,
улына Шимон[b] деп ат қойды.
**34** Ол және ҳәмиледар болып, та-
ғы бир ул туўғанда: «Енди күйе-
ўим маған байланады, өйткени мен
оған үш ул туўып бердим», – деп,
улына Лебий[c] деп ат қойды.
**35** Кейин ол және ҳәмиледар бо-
лып, тағы бир ул туўғанда: «Бул
рет мен Жаратқан Ийени алғыс-
лайман», – деди ҳәм улына Яҳуда[d]
деп ат қойды. Соң ол бир қанша
мүддет бала көтермеди.

# 30

**1** Раҳила Яқыпқа бала ту-
ўып бере алмағанлықтан,
әжапасын қызғана баслады. Ол
Яқыпқа:
– Маған перзент бер, болмаса өле-
мен! – деди.
**2** Яқыптың Раҳилаға ғәзеби қай-
нап:
– Мен Қудайман ба, сениң қур-
сағыңа перзент бермеген? – деди.
**3** Раҳила:
– Мынаў мениң шорым Билҳа. Сен
оның менен жат. Сонда ол бала ту-
ўып, етегиме салады ҳәм мен де ол
арқалы балалы боламан, – деди.
**4** Солай етип, Раҳила өз шоры-
сы Билҳаны күйеўине ҳаяллыққа
алып берди ҳәм Яқып оның менен
жатты. **5** Билҳа ҳәмиледар болып,
Яқыпқа бир ул туўып берди. **6** Сон-
да Раҳила: «Қудай мени ақлады.
Ол дадымды еситип, маған бир ул
берди», – деди ҳәм улына Дан[e] деп
ат қойды.
**7** Раҳиланың шорысы Билҳа және
ҳәмиледар болып, Яқыпқа екинши
улын туўып берди. **8** Сонда Раҳила:
«Мен әжапама қарсы уллы гүрес-
те оны жеңдим», – деди ҳәм улына
Нафталий[f] деп ат қойды.
**9** Леа өзиниң туўмай қалға-
нын көргенде, шорысы Зилпаны

---

[a] **29:32** *Рубен* – «улды көр» дегенди билдиреди.
[b] **29:33** *Шимон* – «еситиў» деген мәнини беретуғын сөзге уқсайды.
[c] **29:34** *Лебий* – «байланған» деген мәнини беретуғын сөзге уқсайды.
[d] **29:35** *Яҳуда* – «алғыс» дегенди билдиреди.
[e] **30:6** *Дан* – «ҳүким шығарды» яғный «ақлады» дегенди билдиреди.
[f] **30:8** *Нафталий* – «гүрес» дегенди билдириўи мүмкин.

Яқыпқа ҳаяллыққа берди. **10** Леа-
ның шорысы Зилпа да Яқыпқа бир
ул туўып берди. **11** Сонда Леа: «Бул
қандай бахыт!» – деди ҳәм улына
Гад[a] деп ат қойды.

**12** Леаның шорысы Зилпа Яқыпқа
екинши улын туўып берди. **13** Сонда
Леа: «Мен қандай қуўанышлыман,
енди ҳаяллар мени қуўанышлы деп
атайды», – деди ҳәм улына Ашер[b]
деп ат қойды.

**14** Рубен бийдай орағы ўақтын-
да далаға барды. Ол далада мәр-
гия шөплерди таўып, анасы Леаға
әкелип берди. Сонда Раҳила Леаға:

– Улыңның мәргия шөплеринен
маған да бер, – деди.

**15** Бирақ Леа оған:

– Күйеўимди алғаның аз болған-
дай, енди улымның мәргия шөп-
лерин де алмақшымысаң? – деди.

Раҳила оған:

– Мейли, улыңның мәргия шөп-
лери есабынан күйеўим бул ақшам
сениң менен жатсын, – деди.

**16** Кешқурын Яқып даладан кел-
генде, Леа оны қарсы алыўға шық-
ты ҳәм оған: «Бүгин мениң менен
жатыўың керек, себеби мен сени
улым таўған мәргия шөплерге ал-
мастырдым», – деди.

Солай етип, Яқып сол түни Леа
менен жатты.

**17** Қудай Леаның дуўасын еситип,
ол ҳәмиледар болды ҳәм Яқып-
қа бесинши улын туўып берди.
**18** Сонда Леа: «Шорымды күйеўиме
бергеним ушын, Қудай маған сый
берди», – деди ҳәм улына Иссахар[c]
деп ат қойды. **19** Леа және ҳәмиле-
дар болып, Яқыпқа алтыншы улын
туўып берди. **20** Сонда Леа: «Қудай
маған жақсы сый берди. Ендигиден
былай, күйеўим мени қәдирлейту-
ғын болады, өйткени мен оған ал-
ты ул туўып бердим», – деди ҳәм
улына Зебулон[d] деп ат қойды. **21** Бир
қанша ўақыттан соң, ол қыз туўып,
атын Дина деп қойды.

**22** Ақыры Қудай Раҳиланы еске
алып, оның дуўасын еситти ҳәм
оны туўатуғын қылды. **23** Раҳила
ҳәмиледар болып, бир ул туўды. Ол:
«Қудай мени шерменделигимнен
қутқарды», – деди. **24** Соңынан ол
тағы: «Жаратқан Ийе маған және
бир ул берсин», – деп, улына Юсуп[e]
деп ат қойды.

## Яқыптың ҳийле менен байыўы

**25** Раҳила Юсупти туўғаннан ке-
йин, Яқып Лабанға былай деди:

– Маған жуўап бериң, мен өз үйи-
ме, өз жериме қайтайын. **26** Мен ҳа-
ялларым менен балаларымды да
бирге алып кетейин, себеби мен
сизге олар ушын хызмет еткен
едим-ғо. Мениң сизге қаншелли
хызмет еткенимди өзиңиз билесиз.

**27** Ал Лабан оған:

– Аҳ, егер сениң кеўлиңди таба ал-
ғанымда ма еди?! Жаратқан Ийениң
мени сен себепли жарылқағанын

---

[a] **30:11** *Гад* – «бахыт» дегенди билдиреди.
[b] **30:13** *Ашер* – «қуўаныш» дегенди билдиреди.
[c] **30:18** *Иссахар* – «сый» деген мәнини беретуғын сөзге уқсайды.
[d] **30:20** *Зебулон* – «қәдирлеў» дегенди аңлатыўы мүмкин.
[e] **30:24** *Юсуп* – «қосып береди» дегенди билдиреди.

пал ашыў арқалы билдим. 28 Маған хызмет ҳақыңды айт, саған төлеймен, – деди.

29 Яқып оған:

– Сизге қалай хызмет еткенимди ҳәм мениң арқамда малларыңыздың қандай болғанын билесиз. 30 Мен келместен бурын бар болған аз ғана малыңыз жүдә көбейип кетти. Мен келиўден Жаратқан Ийе сизди жарылқап баслады. Бирақ енди мен өз үйим ушын қашан мийнет етемен? – деди.

31 Лабан оннан:

– Саған не берейин? – деп сорады.

Яқып оған:

– Маған ҳеш нәрсе бермең. Егер сиз мына шәртиме көнсеңиз, мен және сизиң сүриўлериңизге қарап, оларды баға беремен: 32 бүгин мен барлық сүриўлериңизди аралап шығып, қой-ешкилердиң ала ҳәм жағалларын, яғный қойлардың қараларын, ешкилердиң жағал ҳәм алаларын ажыратып қояйын. Олар мениң хызмет ҳақым болсын. 33 Кейин ала сиз мениң хызмет ҳақымды тексериў ушын келгениңизде, әдил екенимди билип аласыз. Ешкилеримнен қайсы бири жағал ҳәм ала болмаса, қойларымнан қайсы бири қара болмаса, урлық деп есаплансын.

34 Лабан оған:

– Мейли, сен айтқандай болсын, – деди.

35 Деген менен, Лабан сол күни-ақ ала-шубар ҳәм жағал текелерди, үстинде ағы бар жағал ешкилерди ҳәм қара қойлардың ҳәммесин сүриўден айырып, өз улларының қараўына тапсырды. 36 Ол өзи менен Яқып арасындағы аралықты үш күнлик жол етип белгиледи. Ал Яқып Лабанның қалған малларын баға берди.

37 Яқып өзине ақ терек, бадам ҳәм шынар тереклеринен жас шыбықларды кесип алды. Олардың ишиндеги ағы көрингенше, қабықларын ала-ала етип қыршыды. 38 Соңынан ол қыршылған шыбықларды қой-ешкилердиң алдына, олар суў ишетуғын наўалардың ишине салып қойды. Қой-ешкилер суў ишиўге келгенде, сол жерде шағылысатуғын еди. 39 Олар шыбықлардың алдында шағылысқаннан кейин, олардан ала-шубар ҳәм жағал қозылақлар туўылатуғын еди. 40 Яқып қозыларды айырып, қойларды Лабанның барлық ала-шубар ҳәм қара малларына қаратып қойды. Солай етип, ол өзи ушын сүриў пайда етип, оларды Лабанның малларына араластырмады. 41 Урғашылардың күшлилери күйге келген ўақытта, олар шыбықлардың алдында шағылыссын деп, Яқып шыбықларды олардың көз алдына, наўалардың ишине қоятуғын еди. 42 Бирақ әззи урғашылар күйге келген ўақытта, ол шыбықларды қоймайтуғын еди. Солай етип, әззи маллардан туўылғанлары Лабанға, күшлилеринен туўылғанлары Яқыпқа тийисли болды. 43 Усы жол менен Яқып ҳәдден зыят байып кетти. Оның сүриў-сүриў қой-ешкилери, шорылары ҳәм қуллары, түйе ҳәм ешеклери болды.

## Яқыптың Лабаннан қашыўы

31 1 Яқып Лабанның улларының: «Яқып әкемиздиң барлық затларын өзлестирип, пүткил байлығын әкемизге тийисли болған

мал-мүликтен арттырды», – деп ай-
тып жүргенин еситти. 2 Және де,
Лабанның да өзине бурынғыдай қа-
рым-қатнаста емес екенин байқады.
3 Сонда Жаратқан Ийе Яқыпқа:
«Аталарыңның жерине, ағайин-
туўғанларыңа қайт! Мен сениң ме-
нен бирге боламан», – деди.
4 Солай етип, Яқып адам жибе-
рип, Раҳила менен Леаны өз сүриў-
лери жүрген жайлаўға шақыртып,
5 оларға былай деди:
– Әкеңиздиң маған деген қарым-
қатнасының бурынғыдай емес
екенлигин көрип турман. Бирақ
әкемниң Қудайы мениң менен бир-
ге болды. 6 Мениң әкеңизге бар
күшим менен хызмет еткенимди
өзлериңиз билесиз. 7 Деген менен,
әкеңиз маған пәнт берип, хызмет
ҳақымды он мәртелеп өзгертти.
Соған қарамастан, Қудай оның ма-
ған жаманлық етиўине жол қой-
мады. 8 Ол: «Жағал маллар сениң
хызмет ҳақың болады», – дегенде,
барлық сүриў жағал туўатуғын еди.
Ал ол: «Ала-шубар маллар сениң
хызмет ҳақың болады», – дегенде,
барлық сүриў ала-шубар туўатуғын
еди. 9 Солай етип, Қудайдың Өзи
әкеңиздиң малларын алып қойып,
оларды маған берди. 10 Маллардың
шағылысыў мәўсиминде, бир күни
түс көрдим. Түсимде сүриўдеги ур-
ғашы маллар менен шағылысқан
еркек маллардың ала-шубар ҳәм
жағал екенин көрдим. 11 Қудай-
дың периштеси түсимде маған:
«Яқып!», – деди. «Ләббәй!», – дедим
мен. 12 Ол: «Қара, урғашы маллар
менен шағылысқан еркек маллар-
дың барлығы ала-шубар ҳәм жағал.
Өйткени Лабанның саған не ислеп
атырғанының ҳәммесин көрдим.
13 Мен саған Бейт-Элде көринген
Қудайман. Сен ол жерде естелик
тасын орнатқан едиң ҳәм оның үс-
тине зәйтүн майын қуйып, Маған
ўәде берген едиң. Енди бул жерден
кетип, өзиңниң туўылған елиңе
қайт», – деди.
14 Сонда Раҳила менен Леа Яқыпқа:
– Енди әкемиздиң үйинде бизлер
ушын үлес те, мийрас та қалып па
еди? 15 Ол ушын бизлер жат адам-
лар сыяқлы емеспиз бе? Себеби ол
бизлерди сатып ғана қоймастан,
бизлер ушын алған ақшаны да жеп
қойды. 16 Сонлықтан әкемизден
Қудай алып қойған байлықлардың
ҳәммеси бизлерге ҳәм балалары-
мызға тийисли. Енди Қудай саған
не айтқан болса, соны исле, – деп
жуўап берди.
17 Солай етип, Яқып уллары ме-
нен ҳаялларын түйелерге миндир-
ди. 18 Ол өзиниң барлық малларын
алдына салып, Паддан-Арамда арт-
тырған барлық мал-мүлкин алды
да, Қанан жерине, әкеси Ысаққа
барыў ушын жолға шықты. 19 Ла-
бан қойларының жүнлерин қыр-
қыўға кеткенде, Раҳила әкесиниң
кийели мүсинлерин урлап алды.
20 Оның үстине, Яқып та өзиниң
кететуғынын айтпай, арамлы Ла-
банды алдап кетти. 21 Солай етип,
ол өзиниң ҳәмме нәрсесин алып,
қашып кетти ҳәм Евфрат дәрья-
сынан өтип, таўлы Гилад үлкеси-
не қарай жол алды.

## Лабанның Яқыптың изинен қуўыўы

22 Үшинши күни Лабан Яқыптың
қашып кеткенлиги туўралы хабар

тапты. 23 Ол ағайин-туўғанларын
жанына алып, оны қуўып кетти.
Жети күннен соң, таўлы Гилад үл-
кесинде оны қуўып жетти. 24 Бирақ
сол күни түнде Қудай арамлы Ла-
банның түсине енип, оған: «Абай-
лы бол, Яқыпқа жақсы да, жаман
да, ҳеш нәрсе айтпа!» – деди.

25 Лабан Яқыпты қуўып жеткен-
де, Яқып таўлы Гилад үлкесинде
шатырын тигип қойған еди. Лабан
да өзиниң ағайин-туўғанлары ме-
нен бирге сол жерге шатыр тикти.

26 Сонда Лабан Яқыпқа былай
деди:

– Бул не қылғаның? Мени алдап,
қызларымды урыста қолға түскен
тутқын сыяқлы алып кетипсең-ғо.
27 Неге мени алдап, жасырын түрде
қашып кеттиң? Маған неге айтпа-
дың? Мен сени дәп қақтырып, лира
шерттирип, қосықлар айттырып,
ойын-күлки менен шығарып са-
лар едим-ғо. 28 Сен, ҳәтте, ақлық-
ларымды ҳәм қызларымды сүйип,
хошласыўға да мүмкиншилик бер-
медиң. Сен ақмақларша ис туттың!
29 Сизлерге жаманлық ислеўге кү-
шим жетеди. Бирақ өткен түнде
әкеңиздиң Қудайы маған: «Абай-
лы бол, Яқыпқа жақсы да, жаман
да, ҳеш нәрсе айтпа», – деди. 30 Тү-
синемен, әкеңниң үйин қатты са-
ғынғаның ушын кетип қалғансаң.
Бирақ неге сен қудайларымның
мүсинлерин урлап кеттиң?

31 Яқып Лабанға былай деп жу-
ўап берди:

– Мен сизди қызларын күш
пенен тартып алады деп
қорқтым. 32 Бирақ егер қудай-
ларыңыздың мүсинлерин ким-
нен тапсаңыз, ол тири қалмасын!
Ағайин-туўғанларымыздың көз
алдында өзиңиз тексерип көриң.
Егер меннен сизиң бир нәрсеңиз
табылса, алып кетиң!

Яқып Рахиланың бутлардың мү-
синлерин урлағанын билмейту-
ғын еди.

33 Лабан Яқыптың, Леаның ҳәм
еки шорының шатырларын қарап
шықты, бирақ мүсинлерди таба
алмады. Ол Леаның шатырынан
шығып, Рахиланың шатырына кир-
ди. 34 Рахила кийели мүсинлерди
алып, түйениң ериниң астына қо-
йып, оның үстине отырып алған
еди. Лабан шатырды толық тек-
серип шықса да, мүсинлерди та-
ба алмады.

35 Рахила әкесине:

– Мырзам, сиз келгениңизде ту-
рып, күтип алмағаным ушын ашы-
ўыңыз келмесин. Өйткени ҳәзир
ҳаял-қызларға тән жағдайдаман, –
деди.

Солай етип, Лабан қанша излесе
де, мүсинлерди таба алмады.

36 Яқып ашыўға минип, Лабан-
ға бақырынып сөйлеп былай деди:

– Айыбым не? Бүйтип изимнен
қуўғандай, мен не гүна иследим?
37 Сиз мениң барлық затларымды
тинтип шықтыңыз, бирақ өзиңиз-
ге тийисли бир нәрсе таптыңыз ба?
Егер тапқан болсаңыз, оны мына
жерге, ағайин-туўғанларымыздың
алдына қойың. Олар екеўимизге тө-
релик қылсын. 38 Мен жигирма жыл
сизикинде жасадым. Қой-ешкиле-
риңиз ҳеш қашан иш тасламады.
Сизиң сүриўиңизден бир қошқар да
жемедим. 39 Жабайы ҳайўанлар ба-
ўызлап таслағанларын сизиң алды-
ңызға әкелмей, зәлелин өз мойныма

алатуғын едим. Ал сиз болсаңыз,
малыңыздың күндиз ямаса түнде
урланыўына қарамастан, меннен
ҳәр бир малыңыздың қунын талап
етер едиңиз. 40 Күндиз ыссыдан,
түнде суўықтан азап шегетуғын
едим. Көзлеримнен уйқы қашату-
ғын еди. 41 Мениң сизиң үйиңиздеги
жигирма жыллық өмирим усылай
өтти. Мен сизге он төрт жыл еки
қызыңыз ушын, алты жыл сүри-
ўиңиз ушын хызмет еттим. Ал сиз
хызмет ҳақымды он рет өзгертти-
ңиз. 42 Егер де әкемниң ҳәм бабам
Ибрайымның Қудайы, яғный Ысақ
қорққан Қудай мениң менен бирге
болмағанда, сиз мени қуры қол қай-
тарған болар едиңиз. Бирақ Қудай
мениң шеккен азабымды ҳәм исле-
ген аўыр мийнетимди көрип, кеше
түнде мени жақлап, төрелик етти.

43 Лабан Яқыпқа былай деп жу-
ўап берди:

– Мына қызлар – мениң қыз-
ларым, бул балалар – мениң ақ-
лықларым. Бул сүриўлер – мениң
сүриўлерим. Сен көрип турған нәр-
селердиң ҳәммеси – меники. Би-
рақ енди мен өз қызларыма ҳәм
олардан туўылған ақлықларыма
не ислей аламан? 44 Кел, енди ара-
мызда гүўалық болатуғын кели-
сим дүзейик.

45 Сонда Яқып бир тасты алып,
оны естелик қылып қойды. 46 Соң
ағайин-туўғанларына: «Тас жый-
нап келиңлер», – деди. Олар таслар-
ды жыйнап әкелип, бир үйиншик
иследи ҳәм сол үйиншиктиң
жанында отырып аўқат жеди. 47 Ла-
бан үйиншикти Егар-Саҳадута,
Яқып Гал-Эд[a] деп атады.

48 Лабан: «Бүгин бул үйиншик би-
зиң арамызда гүўалық болсын», –
дегенликтен, ол жер Гал-Эд деп
аталды. 49 Сондай-ақ үйиншик
Миспа[b] деп те аталған. Себеби
Лабан: «Бизлер бир-биримизден
узақласып кеткенимизден кейин,
Жаратқан Ийе бизлерди гүзетип
турсын. 50 Егер сен қызларыма жа-
ман қатнаста болсаң ямаса олар-
дың үстине ҳаял алсаң, буған гүўа
болатуғын адам болмаса да, билип
қой, Қудайдың Өзи гүўа болады», –
деген еди.

51 Лабан Яқыпқа және былай деди:

– Минекей, мынаў үйиншик ҳәм
екеўимиздиң арамызда мен орнат-
қан естелик. 52 Булар мениң саған
жаманлық ислеў ушын усы үйин-
шиктен ары өтпейтуғыныма ҳәм
сениң де маған жаманлық ислеў
ушын бул үйиншик ҳәм естелик-
тен бери өтпейтуғыныңа гүўалық
болсын. 53 Ибрайым ҳәм Нахордың
Қудайы, олардың ата-бабаларының
Қудайы бизлерге төрелик етсин.

Сонда Яқып әкеси Ысақ қорққан
Қудай ҳақы ант ишти. 54 Соңынан
ол сол таўда қурбанлық шалып,
ағайин-туўғанларын аўқатқа ша-
қырды. Олар аўқатланып болып,
таўда түнеп қалды.

55 Ертеңине Лабан таң азанда ту-
рып, ақлықларын ҳәм қызларын
сүйип, оларға пәтиясын берди. Со-
ңынан ол үйине қайтып кетти.

---

[a] **31:47** *Егар-Саҳадута... Гал-Эд* – биринши аты арамейше, екинши аты еврей-
ше болып, екеўи де «гүўалық үйиншиги» дегенди билдиреди.
[b] **31:49** *Миспа* – «гүзетиў орны» дегенди билдиреди.

## Яқыптың Эсаў менен ушырасыўға таярланыўы

**32** 1 Яқып жолын даўам етип
баратырғанда, оған Қудай-
дың периштелери дус келди. 2 Яқып
оларды көргенде: «Бул Қудай ләш-
керлериниң ордасы екен-ғо!» – деп,
ол жерди Маханайым[a] деп атады.
3 Яқып Эдом жеринде, яғный Се-
ир жеринде жасайтуғын әжағасы
Эсаўға өзинен алдын хабаршылар
жиберди. 4 Яқып оларға буйырып:
– Мырзам Эсаўға қулы Яқыптың
усы ўақытқа шекем Лабандикинде
болып, сол жерде жасағанын, 5 қа-
ра маллар, ешеклер, қой-ешкилер,
қул ҳәм шорыларға ийе болғанын,
енди ол мырзасының кеўлин табыў
ушын, бул хабарды жоллап атыр-
ғанын айтыңлар, – деди.
6 Хабаршылар қайтып келип,
Яқыпқа:
– Бизлер әжағаңыз Эсаўға бардық.
Ол төрт жүз адам менен бирге сиз-
ди қарсы алыўға киятыр, – деди.
7 Сонда Яқып қатты қорқып,
албырап қалды. Ол адамларын,
қой-ешкилерин, қара малларын
ҳәм түйелерин еки топарға бөл-
ди. 8 Яқып: «Егер Эсаў келип, бир
топарды қырып тасласа, екинши
топар қутылып қалыўы мүмкин», –
деп ойлады.
9 Соңынан Яқып былай деп дуўа
етти: «Атам Ибрайымның ҳәм әкем
Ысақтың Қудай Ийеси! Сен маған:
„Өз елиңе ҳәм туўған-туўысқанла-
рыңа қайт, Мен саған жақсылық
қыламан“, – деген едиң. 10 Мен-
дей қулыңа көрсеткен барлық
жақсылығыңа ҳәм садықлығыңа
ылайықлы емеспен. Мен Иордан
дәрьясын кесип өткенимде, тая-
ғымнан басқа ҳеш нәрсем жоқ еди.
Енди болса, еки топар болып қайт-
тым. 11 Жалбарынаман, мени әжа-
ғам Эсаўдан қорға! Өйткени мен
оның келип, мени ҳәм мениң бала-
ларымды аналары менен бирге өл-
тириўинен қорқаман. 12 Сен маған:
„Саған жақсылық қыламан, урпа-
ғыңды теңиздиң қумындай сансыз
етип көбейтемен“, – деген едиң».
13 Яқып түнди сол жерде өткизди.
Ол өзинде бар затлардан ағасы
Эсаўға саўға етиў ушын ажырат-
ты. 14 Олар: еки жүз бас ешки, жи-
гирма бас теке, еки жүз бас қой,
жигирма бас қошқар, 15 отыз бас
боталы түйе, қырық бас сыйыр,
он бас буға, жигирма урғашы ҳәм
он еркек ешек еди. 16 Яқып оларды
падаларға бөлип, қулларына тап-
сырды ҳәм оларға:
– Мениң алдымда жүриңлер, ҳәр
паданың арасында аралық бол-
сын, – деди.
17 Ол биринши болып жүретуғын
қулға былай деп буйрық берди:
– Әжағам Эсаў сени ушыратып,
сеннен: «Кимниң қулысаң? Қаяққа
баратырсаң? Алдыңдағы мына па-
да кимдики?» – деп сораса, 18 оған:
«Булар қулыңыз Яқыптики. Олар
мырзам Эсаўға жиберилген саўға.
Мине, оның өзи де бизиң изимиз-
ден киятыр», – деп айт.
19 Яқып екинши, үшинши болып
киятырған қулларға ҳәм падалар-
ды айдап киятырғанлардың ҳәм-
месине де буйырып:

---

a **32:2** *Маханайым* – «қос орда» дегенди билдиреди.

– Эсаў менен ушырасқаныңызда,
сизлер де солай айтыңлар. 20 «Қу-
лыңыз Яқып изимизде киятыр», –
деңлер, – деди. Себеби Яқып:
«Өзимнен бурын жиберген саўға-
ларым менен оның жүрегин жибит-
кенимнен соң ғана, оның көзине
көринейин, мүмкин, сонда ол мени
қабыл етер», – деп ойлады. 21 Солай
етип, Яқыптың саўғалары өзинен
алдын жиберилди, ал өзи қоныс-
лаған жеринде түнеп қалды.

### Яқыптың Израил деп аталыўы

22 Сол күни түнде Яқып орнынан
турып, еки ҳаялын, еки шорысын
ҳәм он бир улын жанына алып, Яб-
боқ дәрьясының өткелинен өтти.
23 Оларды дәрьядан өткизгеннен
соң, өзиниң барлық затларын да
өткизди. 24 Кейин Яқып жалғыз
өзи қалды. Сонда бир адам оның
менен таң атқанша гүрести. 25 Ол
Яқыпты жеңе алмайтуғынын бил-
генде, Яқыптың жамбасына урып
жиберди ҳәм оның жамбас сүйеги
шығып кетти.
26 Сонда Ол адам:
– Мени жибер, таң атып киятыр, –
деди.
Бирақ Яқып Оған:
– Маған пәтияңды бермегениңше,
Сени жибермеймен! – деди.
27 Ол адам Яқыптан:
– Атың ким? – деп сорады.
Ол:
– Яқып, – деп жуўап берди.
28 Сонда Ол адам:
– Буннан былай, сен Яқып емес,
ал Израил[a] деп аталасаң. Өйтке-
ни сен Қудай ҳәм адамлар менен
гүресип, жеңип шықтың, – деди.
29 Яқып Оған:
– Өтиниш, атыңызды айтыңыз? –
деди.
Бирақ Ол адам:
– Не ушын Мениң атымды сорап
атырсаң? – деди.
Соңынан Ол сол жерде Яқыпқа
пәтиясын берди.
30 Яқып: «Мен Қудайды жүзбе-
жүз көрдим, бирақ тири қалдым», –
деп сол жерди Пенуел[b] деп атады.
31 Ол Пенуелден кетип баратыр-
ғанда, күн шықты. Жамбасы аўыр-
ғанлықтан, ол ақсаңлап жүрди.
32 Яқыптың жамбас сүйегиндеги
сиңири зақым көргенликтен, изра-
иллылар усы күнге дейин жамбас
сүйектиң сиңирин жемейди.

### Яқыптың Эсаў менен ушырасыўы

**33** 1 Яқып қарап, Эсаўдың төрт
жүз адам менен киятырға-
нын көрди. Сонда Яқып балаларды
Леаға, Раҳилаға ҳәм еки шорысына
бөлип тапсырды. 2 Ол еки шорысы
менен олардың балаларын алдына,
Леаны ҳәм оның балаларын ортаға,
Раҳила менен Юсупти ең соңына
қойды. 3 Яқыптың өзи ҳәммесиниң
алдына шығып, әжағасының жа-
нына жеткенше, жерге дейин ийи-
лип, жети рет тәжим етти.
4 Бирақ Эсаў Яқыпты қарсы алыў
ушын жуўырып барды да, оны

---

a **32:28** *Израил* – «Қудай гүреседи» ямаса «Қудай менен гүреседи» дегенди билдиреди.
b **32:30** *Пенуел* – «Қудайдың жүзи» дегенди билдиреди.

мойнынан қушақлап сүйди ҳәм
олар екеўи де жылап жиберди. 5 Со-
ңынан Эсаў қарап, ҳаяллар менен
балаларды көрди ҳәм Яқыптан:
– Жанындағы бул адамлар ким-
лер? – деп сорады.
Яқып оған:
– Булар Қудайдың сизиң қулы-
ңызға сыйлаған балалары, – деп
жуўап берди.
6 Сонда шорылар ҳәм олардың
балалары жақынлап келип, тәжим
етти. 7 Кейин Леа ҳәм оның балала-
ры, ең ақырында Юсуп ҳәм Раҳи-
ла келип, оған тәжим етти. 8 Эсаў
Яқыптан:
– Жолда мен ушыратқан адамлар
менен падаларды не мәнисте жи-
бердиң? – деп сорады.
Яқып оған:
– Мырзамның кеўлин табыў ушын
жибердим, – деп жуўап берди.
9 Бирақ Эсаў Яқыпқа:
– Иним, мениң дүнья-малым көп,
өзиңдики өзиңе буйырсын, – деди.
10 Яқып:
– Яқ, маған мийрим көрсетип,
саўғамды қабыл етиң. Сизиң жү-
зиңизди көрип, Қудайдың жүзин
көргендей болдым. Өйткени сиз
мени жыллы жүзлилик пенен қар-
сы алдыңыз. 11 Өтиниш, сизге жи-
берген саўғаларымды қабыл етиң.
Себеби Қудай маған жақсылық
ислегенликтен, менде ҳәмме нәр-
се бар, – деди.
Яқып жалынып қоймағанлық-
тан, Эсаў саўғаларды қабыл етти.
12 Соңынан Эсаў:
– Жүриңлер кетейик. Мен сениң
алдыңда жүремен, – деди.
13 Бирақ Яқып оған:
– Мырзам, өзиңиз билесиз, бала-
ларым жас, қой ҳәм сыйырларым
да төллеген. Егер малларды бир
күн қатты айдасақ, ҳәммеси өлип
қалады. 14 Мырзам, қулыңыздан
алдын кете бериң. Мен малларым-
ның ҳәм балаларымның жүрисине
қарап, әсте-ақырын бара беремен.
Солай етип, Сеирде мырзама же-
тип аламан, – деди.
15 Эсаў оған:
– Жанымдағы адамлардың бир
нешесин саған қалдырып кете-
йин, – деди.
Бирақ Яқып:
– Буның ҳәжети жоқ. Мырзамның
маған мийрим көрсеткениниң өзи
жеткиликли, – деди.
16 Солай етип, Эсаў сол күни Се-
ирге қайтып кетти. 17 Ал Яқып Сук-
котқа кетип, сол жерде өзи ушын үй,
маллары ушын қоралар қурды. Сон-
лықтан сол жер Суккот[a] деп аталды.

### Яқыптың Шехемге орналасыўы

18 Соңынан Яқып Паддан-Арам-
нан Қанан жериниң Шехем қала-
сына аман-есен қайтып келип,
қаланың сыртына шатырларын
тикти. 19 Ол шатырларын тиккен
усы жерди Шехемниң әкеси Хамор-
дың улларынан жүз кесита[b] гүмис-
ке сатып алды. 20 Яқып ол жерде
қурбанлық орын қурып, оны Эл-
Элоҳе-Израил[c] деп атады.

---

a **33:17** *Суккот* – «қоралар» дегенди билдиреди.
b **33:19** *Кесита* – қандай да бир өлшем бирлик, оның аўырлығы белгисиз.
c **33:20** *Эл-Элоҳе-Израил* – «Қудай – Израилдың Қудайы» дегенди билдиреди.

## Динаның намысының бузылыўы

**34** 1 Бир күни Яқыптың Леадан туўылған қызы Дина сол жердиң қызларын көриў ушын шықты. 2 Ол жердиң бийи хиў халқынан болған Хамордың улы Шехем Динаны көргенде, оны услап алып, оған зорлық иследи. 3 Жигиттиң Яқыптың қызы Динаға кеўли кетип, оны сүйип қалды ҳәм оған жыллы сөйледи. 4 Шехем әкеси Хаморға:

– Бул қызды маған ҳаяллыққа алып бер, – деди.

5 Яқып қызы Динаның намысы аяқ асты етилгенин еситкенде, уллары жайлаўда мал бағып жүрген еди. Сонлықтан Яқып олар қайтып келгенше үндемеди.

6 Сол ўақытта Шехемниң әкеси Хамор Яқып пенен сөйлесиў ушын, оның алдына барды. 7 Ал Яқыптың уллары болған ўақыяны еситe сала, жайлаўдан қайтып келди. Олар ашыўланып, ғәзепке минди. Өйткени Шехем Яқыптың қызын зорлап, Израилдың абырайын төккен ҳәм ислеўге болмайтуғын исти ислеген еди.

8 Сонда Хамор оларға былай деди:

– Улым Шехемниң кеўли қызыңызда, қызыңызды оған ҳаяллыққа бериң. 9 Бир-биримиз бенен қудатамыр болайық. Қыз алысып, қыз берисейик. 10 Бизлер менен бирге жасай бериңлер. Елимиздиң қәлеген жеринде емин-еркин жасап, саўда-сатық қылыңлар ҳәм мүлик ийелеңлер.

11 Кейин Шехем де қыздың әкеси менен әжағаларына:

– Кеўлиңиз толыўы ушын, сизлерге қәлегениңизди беремен. 12 Меннен қанша қалың мал ҳәм саўға талап қылсаңлар да, ҳәммесин беремен. Тек қызыңызды маған ҳаяллыққа берсеңиз болғаны, – деди.

13 Яқыптың уллары қарындасы Динаның намысын аяқ асты еткени ушын Шехемге ҳәм оның әкеси Хаморға ҳийле менен жуўап берип, 14 оларға былай деди:

– Яқ, бизлер бундай қыла алмаймыз. Қарындасымызды сүннет етилмеген адамға бере алмаймыз, өйткени бул бизлер ушын шерменделик болады. 15 Тек мына шәртимизди қабыл етсеңиз ғана ыразы боламыз: сизлердиң ҳәр бир ер адамыңыз бизлер сыяқлы сүннет етилсе, 16 бир-биримизге қыз берип, қыз алысамыз. Сизлер менен бирге жасап, бир халық боламыз. 17 Егер сүннет болыўға келисим бермесеңиз, қызымызды алып қайтамыз.

18 Бул сөзлер Хамор менен оның улы Шехемге мақул түсти. 19 Әкесиниң үйинде ҳәммеден көп ҳүрметке ийе болған жас жигит Шехем бул талапты орынлаўды тезлестирди. Себеби ол Яқыптың қызына ашық еди. 20 Солай етип, Хамор ҳәм оның улы Шехем қала халқы менен сөйлесиў ушын қала дәрўазасына барды ҳәм оларға былай деди:

21 – Бул адамлар бизлерге дослық қарым-қатнаста. Олар жеримизде жасап, саўда-сатық қылсын. Жер кең, оларға да жетеди. Олар менен қыз алысып, қыз берисейик. 22 Олар тек мына шәрт пенен ғана бизлер менен бирге жасап, бир халық болыўға ыразы болады: бизлердиң ҳәр бир ер адамымыз олар сыяқлы

сүннет етилиўи керек екен. 23 Егер
солай ислесек, олардың сүриўлери,
мал-мүликлери ҳәм барлық малла-
ры бизлердики болмай ма? Келиң-
лер, оларға келисим берейик, олар
бизлер менен бирге жасап қалсын.
24 Қала турғынларының ҳәммеси
Хамордың ҳәм оның улы Шехемниң
сөзлерин қабыл етти ҳәм қаладағы
барлық ер адамлар сүннет етилди.
25 Үшинши күни, олар аўырып жа-
тырғанда, Яқыптың еки улы – Дина-
ның әжағалары Шимон ҳәм Лебий
қылышларын асынып алып, қала-
ға иркинишсиз кирди де, барлық
ер адамларды қылыштан өткерди.
26 Олар Хаморды ҳәм улы Шехем-
ди де қылыштан өткизип, Дина-
ны Шехемниң үйинен алып кетти.
27 Қарындасының намысын аяқ ас-
ты қылғаны ушын, Яқыптың уллары
өлгенлерди тонап, қаланы талан-
тараж етти. 28 Олардың ири-майда
малларын ҳәм ешеклерин, қаладағы
да, жайлаўдағы да барлық нәрселе-
рин алып кетти. 29 Және де, олардың
балаларын ҳәм ҳаялларын тутқын
қылып, пүткил байлығын ҳәм үйле-
риндеги барлық затларын олжа етти.
30 Яқып Шимон ҳәм Лебийге:
– Сизлер усы жердиң турғынлары
болған қанан ҳәм периз халықларын
маған душпан қылып қойып, басы-
ма бәле арттырдыңыз. Мениң адам-
ларым аз. Егер олар биригип, маған
қарсы шықса, мени хожалығым ме-
нен бирликте жоқ қылады, – деди.
31 Бирақ олар:
– Қарындасымызға бузық ҳаялға
қатнас жасағандай қатнас жасаўға
жол қойыўға бола ма? – деди.

## Бейт-Элде Қудайдың Яқыпты жарылқаўы

**35** 1 Қудай Яқыпқа: «Қәнекей,
енди Бейт-Элге бар да, сол
жерге орналас. Әжағаң Эсаўдан
қашып баратырғанында саған кө-
ринген Қудайға арнап, сол жерде
қурбанлық орын қур», – деди.
2 Сонда Яқып хожалығына ҳәм
жанындағылардың ҳәммесине бы-
лай деди:
– Өзлериңиздеги жат қудай-
лардың мүсинлерин ылақтырып
таслаңлар. Өзлериңизди пәклеп,
кийимлериңизди алмастырың-
лар. 3 Жүриңлер, бул жерден ке-
тип, Бейт-Элге барайық. Қыйын
күнлеримде маған жуўап берген
ҳәм жүрген жолларымда мениң
менен бирге болған Қудайға арнап,
мен сол жерде қурбанлық орын
қурайын.
4 Сонда олар өзлериндеги жат
қудайлардың мүсинлерин ҳәм қу-
лақларындағы сырғаларын Яқып-
қа берди. Яқып оларды Шехемге
жақын жердеги бир теребинфтиң
түбине көмип таслады. 5 Соңынан
олар жолға түсти. Қудай әтирап-
тағы қалалардың турғынларына
күшли қорқыныш жибергенликтен,
ҳеш ким олардың изине түспеди.
6 Солай етип, Яқып жанындағы
барлық адамлар менен бирге Қанан
жериндеги Лузға, яғный Бейт-Элге
жетип келди. 7 Яқып ол жерде қур-
банлық орын қурып, сол жерди Эл-
Бейт-Эл[a] деп атады. Өйткени Яқып
әжағасынан қашып баратырғанда,
Қудай сол жерде оған көринген

---

a **35:7** *Эл-Бейт-Эл* – «Бейт-Элдиң Қудайы» дегенди билдиреди.

еди. **8** Сол арада Ребекканы емизип
баққан Дебора деген ҳаял қайтыс
болды. Ол Бейт-Элдиң қубласын-
дағы бир емен ағашының түбине
жерленип, сол емен ағашы «Жоқ-
лаў емени» деп аталды.
**9** Яқып Паддан-Арамнан қайтып
келгеннен кейин, Қудай оған және
көринип, оны былай деп жарылқа-
ды: **10** «Сениң атың – Яқып. Бирақ
буннан былай, сениң атың Яқып
емес, ал Израил болады», – деп,
оны Израил деп атады. **11** Қудай
оған және: «Мен – Қүдирети күш-
ли Қудайман. Өсип-өнип, көбей.
Сеннен бир халық, ҳәтте, көплеген
халықлар пайда болып, сениң ур-
пағыңнан патшалар келип шыға-
ды. **12** Мен Ибрайымға ҳәм Ысаққа
берген бул жерди саған ҳәм сен-
нен кейинги урпақларыңа бере-
мен», – деди. **13** Соңынан Қудай
Яқып пенен сөйлескен жерден жо-
қары көтерилип кетти.
**14** Яқып Қудай өзи менен сөйлес-
кен жерде тастан естелик орнатып,
оның үстине шарап ҳәм зәйтүн ма-
йын қуйды. **15** Ол Қудай өзи менен
сөйлескен жерди Бейт-Эл деп атады[a].

## Раҳиланың өлими

**16** Олар Бейт-Элден шығып,
Эфратаға жетиўге аз қалғанда,
Раҳиланың толғағы тутып, ол қы-
йыншылық пенен босанды. **17** Ол
азап шегип туўып атырғанда, кин-
дик шешеси оған:
– Қорқпа, сен және бир ул туў-
дың, – деди.
**18** Раҳила өлип баратырып, соңғы
демин шығарарда, улын Беноний[b]
деп атады. Бирақ әкеси оның атын
Бенямин[c] деп қойды.
**19** Солай етип, Раҳила қайтыс бо-
лып, Эфратаға, яғный Бейтлеҳемге
баратуғын жол бойына жерленди.
**20** Яқып оның қәбири үстине қулпы
тас орнатты. Раҳиланың қәбириниң
қулпы тасы бүгинги күнге шекем бар.
**21** Соннан кейин, Израил және
көшип, Эдер минарасының арғы
жағына шатырын тикти.
**22** Израил сол елде жасап атыр-
ғанда, улы Рубен әкесиниң тоқалы
болған Билҳа менен жатты. Әкеси
бул туўралы еситти.

## Яқыптың уллары

Яқыптың он еки улы бар еди.
**23** Оның Леадан туўылған уллары:
туңғышы Рубен, кейин Шимон, Ле-
бий, Яҳуда, Иссахар ҳәм Зебулон.
**24** Оның Раҳиладан туўылған ул-
лары: Юсуп ҳәм Бенямин. **25** Раҳи-
ланың шорысы Билҳадан туўылған
уллары: Дан ҳәм Нафталий. **26** Леа-
ның шорысы Зилпадан туўылған ул-
лары: Гад ҳәм Ашер. Булар Яқыптың
Паддан-Арамда туўылған уллары.

## Ысақтың өлими

**27** Яқып әкеси Ысақтың үйине,
Мамреге келди. Мамре Кирят-Ар-
баның, яғный Хебронның жанын-
да болып, ол жерде Ибрайым ҳәм
Ысақ келгинди болып жасаған еди.
**28** Ысақ бир жүз сексен жыл жаса-
ды. **29** Ол мазмунлы өмир сүрип,

---

a **35:15** Жар 28:19.
b **35:18** *Беноний* – «қайғы улы» дегенди билдиреди.
c **35:18** *Бенямин* – «оң қолымның улы» ямаса «бахыт улы» дегенди билдиреди.

қартайып, деми таўысылып, қай-
тыс болды ҳәм өз ата-бабаларына
қосылды. Уллары Эсаў менен Яқып
оны жерледи.

## Эсаўдың урпақлары

**36** 1 Эсаўдың, яғный Эдомның
шежиреси мынадай: 2 Эсаў
мына қананлы қызларға үйленди:
биринсиси хет халқынан болған
Элонның қызы Ада, екинсиси хиў
халқынан болған Сибонның ақ-
лығы, Ананың қызы Оҳолибама.
3 Және де, ол Исмайылдың қызы,
Небайоттың қарындасы Басематқа
да үйленди. 4 Ада Эсаўға Элифаз-
ды, Басемат Реуелди, 5 Оҳолибама
Еушты, Яламды ҳәм Қорахты ту-
ўып берди. Булар – Эсаўдың Қа-
нанда туўылған уллары еди.
6 Кейин Эсаў ҳаялларын, улла-
рын, қызларын, үйиндеги барлық
адамларын, ҳәмме малларын ҳәм
Қананда арттырған пүткил мал-
мүлкин алып, иниси Яқыптан бө-
лекленди де, басқа бир елге көшип
кетти. 7 Олардың мал-мүлки сон-
шелли көп болғанлықтан, олар ен-
ди бирге жасай алмады. Өзлери
жасаған бул жерлер олардың мал-
ларына тарлық етип қалған еди.
8 Солай етип, Эсаў, яғный Эдом таў-
лы Сеир жерине орналасты.
9 Таўлы Сеир жеринде жасаўшы
эдомлылардың түп атасы бол-
ған Эсаўдың шежиреси мынадай:
10 Эсаўдың улларының атлары:
оның ҳаялы Ададан Элифаз, ал
ҳаялы Басematтан Реуел туўылды.
11 Элифаздың уллары: Теман,
Омар, Сефо, Гатам ҳәм Кеназ.
12 Эсаўдың улы Элифаздың тоқалы
Тимна күйеўине Амалекти туўып
берди. Булар – Эсаўдың ҳаялы Ада-
ның ақлықлары.
13 Реуелдиң уллары: Нахат, Зе-
рах, Шамма ҳәм Мизза. Булар –
Эсаўдың ҳаялы Басематтың
ақлықлары.
14 Сибонның ақлығы ҳәм Ана-
ның қызы болған Оҳолибаманың
күйеўи Эсаўға туўып берген улла-
ры: Еуш, Ялам ҳәм Қорах.
15 Эсаўдың урпақларынан келип
шыққан урыў бийлери мыналар:
Эсаўдың туңғышы Элифаздың
уллары: Теман бий, Омар бий, Се-
фо бий, Кеназ бий, 16 Қорах бий,
Гатам бий ҳәм Амалек бий. Булар
Эдом жеринде Элифаздың урпағы-
нан шыққан бийлер болып, Ада-
ның ақлықлары еди.
17 Эсаўдың улы Реуелдиң уллары:
Нахат бий, Зерах бий, Шамма бий
ҳәм Мизза бий. Булар Эдом жерин-
де Реуелдиң урпағынан шыққан
бийлер болып, Эсаўдың ҳаялы Ба-
сематтың ақлықлары еди.
18 Эсаўдың ҳаялы Оҳолибаманың
уллары: Еуш бий, Ялам бий ҳәм
Қорах бий. Булар – Ананың қы-
зы, Эсаўдың ҳаялы Оҳолибамадан
тараған бийлер еди. 19 Булардың
ҳәммеси Эсаўдың, яғный Эдомның
уллары ҳәм урыў бийлери.

## Сеирдиң урпақлары

20 Эдом жеринде жасаған хор хал-
қынан болған Сеирдиң уллары мы-
налар: Лотан, Шобал, Сибон, Ана,
21 Дишон, Эсер ҳәм Дишан. Булар –
Сеирдиң уллары болып, Эдом жерин-
де хор халқының урыў бийлери еди.
22 Лотанның уллары: Хорий ҳәм
Ҳемам. Тимна Лотанның қарын-
дасы еди.

23 Шобалдың уллары: Алўан, Ма-
нахат, Эбал, Шефо ҳәм Онам.
24 Сибонның уллары: Айя ҳәм
Ана. Әкеси Сибонның ешеклерин
бағып жүрип, шөлде ыссы булақ
тапқан усы Ана еди. 25 Ананың
балалары: Дишон ҳәм қызы Оҳо-
либама.
26 Дишонның уллары: Хемдан,
Эшбан, Итран ҳәм Керан.
27 Эсердиң уллары: Билҳан, Заа-
ўан ҳәм Ақан.
28 Дишанның уллары: Ус ҳәм Аран.
29 Хор халқының урыў бийлери
мыналар: Лотан бий, Шобал бий,
Сибон бий, Ана бий, 30 Дишон бий,
Эсер бий ҳәм Дишан бий. Булар –
Сеир жериндеги хор халқының
урыў бийлери еди.

### Эдом патшалары

31 Израилда патша болмастан бу-
рын, Эдом елинде төмендеги пат-
шалар ҳүкимдарлық етти:
32 Беор улы Бела Эдом патша-
сы болды. Оның қаласының аты
Динҳаба еди.
33 Бела өлгеннен кейин, оның ор-
нына Босра қаласынан болған Зе-
рах улы Иобаб патша болды.
34 Иобаб өлгеннен кейин, теман-
лылардың жеринен келген Хушам
патша болды.
35 Хушам өлгеннен кейин, Моаб
елинде мидянлыларды қыйрат-
қан, Бедад улы Ҳадад патша бол-
ды. Оның қаласының аты Аўит еди.
36 Ҳадад өлгеннен кейин, оның
орнына масреқалы Самла патша
болды.
37 Самла өлгеннен соң, оның ор-
нына дәрья бойындағы Рехоботтан
болған Шаул патша болды.
38 Шаул өлгеннен соң, оның ор-
нына Ахбор улы Баал-Ханан пат-
ша болды.
39 Ахбор улы Баал-Ханан өлгеннен
соң, оның орнына Ҳадар патша бол-
ды. Оның қаласының аты Пау еди.
Ҳадардың ҳаялы Меҳетабел Меза-
ҳабтың ақлығы Матредтиң қызы еди.
40 Тийрелерине ҳәм жерлерине
қарай Эсаўдың урпағынан келип
шыққан бийлердиң атлары мына-
дай: Тимна бий, Алўа бий, Етет бий,
41 Оҳолибама бий, Эла бий, Пинон
бий, 42 Кеназ бий, Теман бий, Миб-
сар бий, 43 Магдиел бий ҳәм Ирам
бий. Булар – өзлери ийелик еткен
үлкеде жасаған жерлерине өзлери-
ниң атларын берген Эдом бийлери
еди. Эдомлылардың түп бабасы –
Эсаў еди.

### Юсуптиң түслери

**37** 1 Яқып әкеси келгинди бо-
лып жасаған Қанан жеринде
жасай берди. 2 Яқыптың урпақлары-
ның тарийхы төмендегише: Юсуп
он жети жасар ўақтында әжағала-
рына, яғный әкесиниң ҳаяллары
Билҳа менен Зилпаның улларына
қой-ешкилерди бағысатуғын еди.
Ол әкесине әжағаларының жаман
ислери ҳаққында жеткизип тура-
туғын еди. 3 Израил Юсупти басқа
барлық улларынан гөре көбирек
жақсы көрди, өйткени ол Израил-
дың қартайған шағында көрген улы
еди. Әкеси Юсупке нағыслы шапан
тиккизип берди. 4 Юсуптиң әжаға-
лары әкесиниң оны өзлеринен гөре
көбирек жақсы көретуғынын бил-
генде, оны жек көрип қалды ҳәм
енди оның менен жыллы сөйлесе
алмайтуғын болды.

5 Бир күни Юсуп түс көрди. Ол
өз түсин әжағаларына айтып бер-
генде, олар Юсупти бурынғыдан
да бетер жек көрип қалды. 6 Юсуп
әжағаларына:
– Мен көрген түсимди айтып бере-
йин, тыңлаңлар! 7 Түсимде бизлер
атызда дәстелерди баўлап атыр-
ған екенбиз. Бирден мениң баўла-
ған баўым жерден көтерилип, тик
турды. Ал сизлердиң баўларыңыз
мениң баўымды дөгереклеп, оған
тәжим етти, – деди.
8 Юсуптиң әжағалары оған:
– Сен еле бизлердиң үстимизден
патша болып, бизлерди басқармақ-
шымысаң? – деди.
Көрген түсин айтқаны себепли
әжағалары оны бурынғыдан да бе-
тер жек көрип қалды.
9 Кейин Юсуп тағы бир түс көр-
ди ҳәм оны да әжағаларына айтып
берип былай деди:
– Тыңлаңлар, мен және бир түс
көрдим. Түсимде қуяш, ай ҳәм он
бир жулдыз маған тәжим етип
атырған екен.
10 Юсуп бул түсин әкесине де ай-
тып бергенде, әкеси оған кейип:
– Сен қандай түс көрдиң өзи? Сон-
да не мен, анаң ҳәм әжағаларың ал-
дыңа келип, жерге дейин ийилип,
тәжим етемиз бе? – деди.
11 Әжағалары Юсупке қызғаныш
пенен қараўды даўам етти, бирақ
әкеси оның сөзлерин есинде сақ-
лап қалды.

## Юсуптиң құллыққа сатылыўы

12 Бир күни Юсуптиң әжағалары
әкесиниң қой-ешкилерин бағыў
ушын Шехемге кетти. 13 Израил
Юсупке:
– Әжағаларыңның Шехемде қой-
ешкилерди бағып атырғанын
билесең. Бар, мен сени оларға жи-
берейин, – деди.
– Яқшы, – деди Юсуп.
14 Әкеси оған:
– Барып, әжағаларыңның ҳәм сү-
риўдиң жағдайын билип қайт, – деп
оны Хеброн ойпатлығынан Шехем-
ге жиберди.
Юсуп Шехемге жетип барып,
15 далада адасып жүргенде, бир
адам оны көрип:
– Не излеп жүрсең? – деп сорады.
16 Юсуп оған:
– Мен әжағаларымды излеп жүр-
мен. Олардың қой-ешкилерди қай
жерде бағып жүргенин билмейсиз
бе? – деди.
17 Ол адам Юсупке:
– Олар бул жерден кетип қалды.
«Дотанға барамыз», дегенин еси-
тип қалдым, – деди.
Солай етип, Юсуп әжағалары-
ның изинен кетип, оларды Дотан-
нан тапты.
18 Әжағалары Юсупти узақтан
көрди ҳәм ол еле қасларына жетип
келместен бурын, оны өлтириўге
тил бириктире баслады. 19 Олар
бир-бирине:
– Әне, түс көргиш киятыр! 20 Ке-
лиңлер, оны өлтирип, бир суў
сақланатуғын шуқырға таслайық.
Соңынан оны жыртқыш ҳайўан
жеп кетипти, деп айтамыз. Сонда
оның көрген түслериниң не бола-
туғынын көремиз! – деди.
21 Рубен буны еситкенде, Юсуп-
ти олардың қолынан қутқармақшы
болып, оларға:
– Оны өлтирмейик. 22 Қан төк-
пейик, оны усы шөлдеги бир суў

сақланатуғын шуқырға таслайық,
бирақ өзине тиймейик, – деди.
Оның нийети Юсупти қутқарып,
әкесине қайтарыў еди. [23] Юсуп әжа-
ғаларының жанына келгенде, олар
оның үстиндеги нағыслы шапан-
ды шешип алып, [24] өзин бир суў-
сыз, бос шуқырға таслап жиберди.
[25] Әжағалары аўқатланыў ушын
жайғасып отырғанда, Гилад тәреп-
тен киятырған исмайыллылардың
кәрўанын көрди. Олар түйелери-
не мум, бальзам ҳәм ладан[a] жүк-
леп, Мысырға кетип баратыр еди.
[26] Яҳуда аға-инилерине:
– Инимизди өлтирип, оның қа-
нын жасырғанымыздан не пайда?
[27] Жақсысы, оны исмайыллылар-
ға сатайық, сонда қолымыз оның
қанына былғанбайды. Себеби ол
бизлер менен қаны бир туўысқа-
нымыз-ғо, – деди.
Туўысқанлар буған ыразы болды.
[28] Мидянлы саўдагерлер, яғный
исмайыллылар сол жерден өтип
баратырғанда, әжағалары Юсуп-
ти шуқырдан шығарып алды да,
оны сол саўдагерлерге жигирма ше-
кел гүмиске сатып жиберди. Олар
Юсупти Мысырға алып кетти.
[29] Рубен шуқырға қайтып келген-
де, Юсуптиң шуқырдың ишинде
жоқ екенин көрип, қайғыдан ки-
йимлерин жыртты. [30] Ол инилери-
ниң жанына қайтып барып, оларға:
– Бала ол жерде жоқ, енди мен не
қыламан, – деди.
[31] Сонда олар бир текени сойып,
Юсуптиң нағыслы шапанын алып,
оны текениң қанына былғады. [32] Со-
ңынан шапанды әкесине жиберип:
– Бизлер мынаны таўып алдық.
Қара, бул улыңның шапаны емес
пе? – деп соратты.
[33] Яқып шапанды танып:
– Аўа, бул – улымның шапаны!
Оны жыртқыш ҳайўан жеп кетип,
Юсуп тилким-тилким болған екен-
ғо, – деди. [34] Яқып қайғыдан кийи-
мин жыртып, аза кийимин кийип
алды ҳәм улы ушын узақ ўақыт
аза тутты.
[35] Барлық ул-қызлары оған тәсел-
ле берсе де, ол жубанғысы келмей:
«Мен улымның жанына, өлилер
мәканына усы қайғым менен ке-
темен», – деп улын жоқлаўды да-
ўам етти.
[36] Сол арада мидянлылар Юсуп-
ти Мысырда фараонның сарай
хызметшиси Потифарға сатып
жиберди. Ол сақшылардың бас-
шысы еди.

### Яҳуда ҳәм Тамара

**38** [1] Сол ўақытлары Яҳуда ту-
ўысқанларынан бөлинип,
адулламлы Хира деген адамның
қасына барып орналасты. [2] Яҳуда
сол жерде Шуа деген қананлы бир
адамның қызын ушыратып, оған
үйленди. [3] Ҳаял ҳәмиледар бо-
лып, ул туўды. Яҳуда оған Эр деп
ат қойды. [4] Ҳаялы және ҳәмиледар
болып, ул туўды ҳәм оған Онан деп
ат қойды. [5] Ол тағы бир ул туўып,
оның атын Шела деп қойды. Ол ту-
ўылғанда, Яҳуда Кезибте еди.
[6] Яҳуда туңғышы Эрди бир қыз-
ға үйлендирди. Қыздың аты Та-
мара еди. [7] Яҳуданың туңғышы Эр
Жаратқан Ийениң нәзеринде наҳақ

---

a **37:25** *Ладан* – хош ийисли шайыр.

адам болғанлықтан, Жаратқан Ийе
оның жанын алды.
8 Сонда Яҳуда Онанға:
– Қәйинлик ўазыйпанды орын-
лап, жеңгеңе үйлен ҳәм әжағаң-
ның урпағын даўам еттир, – деди.
9 Бирақ Онан Тамарадан туўылған
балалардың өзиники болмайту-
ғынын билетуғын еди. Сонлық-
тан ол әжағасының ҳаялы менен
жатқанда, әжағасынан урпақ қал-
масын деп, урығын жерге төгип
жиберетуғын еди. 10 Оның бул иси
Жаратқан Ийениң нәзеринде на-
ҳақлық болғанлықтан, Жаратқан
Ийе оның да жанын алды.
11 Сонда Яҳуда келини Тамараға:
– Әкеңниң үйине қайтып, улым
Шела ержеткенше, сол жерде же-
сир болып жасай тур, – деди. Се-
беби Яҳуда: «Шела да әжағалары
сыяқлы өлип қалар», – деп ойлай-
туғын еди. Солай етип, Тамара әке-
синиң үйине қайтты.
12 Арадан көп ўақыт өткеннен
соң, Шуаның қызы, яғный Яҳу-
даның ҳаялы қайтыс болды. Аза-
лаў мүддети тамам болғаннан соң,
Яҳуда досты адулламлы Хира ме-
нен бирге Тимнаға, өзиниң қойла-
рын қырқып атырған адамларға
кетти.
13 Тамараға: «Қәйин атаң қойла-
рын қырықтырыў ушын Тимнаға
кетип баратыр», – деген хабар жет-
ти. 14 Шела ержетсе де, Яҳуда Та-
мараны Шелаға ҳаяллыққа алып
бермеген еди. Сонлықтан Тамара
үстиндеги жесирлик кийимлерин
шешип, жүзин жаўлық пенен жаў-
ды да, Тимнаға баратуғын жол бо-
йындағы Энайым дәрўазасының
алдына барып отырды.
15 Яҳуда Тамараны көргенде, оны
бузық ҳаял деп ойлады. Өйтке-
ни оның жүзи жабық еди. 16 Яҳуда
жолдан ҳаял тәрепке бурылып кел-
ди де, оның өзиниң келини екенин
билмей, оған:
– Сениң менен жатайын, – деди.
Ҳаял оған:
– Мениң менен жатсаңыз, маған
не бересиз, – деп сорады.
17 Яҳуда:
– Сүриўимнен саған бир ылақ бе-
рип жиберемен, – деди.
– Ылағыңызды жибергениңиз-
ше, кепилликке бир нәрсе бересиз
бе? – деди ҳаял.
18 Яҳуда оннан:
– Кепилликке не берейин? – деп
сорады.
Тамара оған:
– Мөриңизди жиби менен ҳәм қо-
лыңыздағы ҳасаңызды бериң, – деди.
Яҳуда сол нәрселерди берип,
оның менен жатты. Тамара оннан
ҳәмиледар болды. 19 Тамара үйине
қайтып келип, жүзиндеги жаўлы-
ғын шешип таслады да, және же-
сирлик кийимлерин кийип алды.
20 Сол арада Яҳуда кепилликке
қалдырған нәрселерин қайтарып
алыў ушын, адулламлы досты ар-
қалы ҳаялға бир ылақ жиберди.
Деген менен, достысы ҳаялды та-
ба алмады. 21 Сонда достысы сол
жердиң адамларынан:
– Энайымда, жол шетинде бир
бузық ҳаял бар еди, ол қаякта? –
деп сорады.
Олар:
– Бул жерде ондай ҳаял жоқ, – деп
жуўап берди.
22 Достысы Яҳуданың жанына
қайтып келип:

– Ҳаялды таба алмадым. Сол жер-
диң адамлары да ол жерде ҳеш қан-
дай бузық ҳаялдың болмағанын
айтты, – деди.
23 Яҳуда:
– Мейли, сол затлар ҳаялда қа-
ла берсин. Тек ҳеш кимге масқара
болмасақ болғаны. Мен ылақты
жиберген едим, бирақ сен ҳаялды
таба алмадың, – деди.
24 Шама менен үш айдай ўақыт
өткенде, Яҳудаға: «Келиниң Тама-
ра бузықшылық ислепти, ол ҳәзир
ҳәмиледар», – деген хабар жетти.
Сонда Яҳуда:
– Оны далаға алып шығып, жа-
ғып жибериңлер, – деди.
25 Тамараны далаға алып шық-
қанда, ол қәйин атасына: «Мен мы-
на затлардың ийесинен ҳәмиледар
болдым. Анықлап қараң, бул мөр,
оның жиби ҳәм ҳаса кимдики?» –
деп хабар жиберди.
26 Яҳуда затларды танып: «Ҳа-
қыйқатлық ол тәрепте, себеби
мен оны улым Шелаға алып бер-
медим», – деди. Соннан кейин,
Яҳуда Тамара менен қайтып жа-
қынласқан жоқ.
27 Тамараның туўыў ўақты кел-
генде, қарнында егиз бала барлы-
ғы мәлим болды. 28 Ол босанып
атырған ўақытта, егизлердиң би-
ри қолын сыртқа шығарды. Кин-
дик шешеси баланың қолын услап:
– Бул биринши болып туўылды, –
деп оның билегине қырмызы жип
байлап қойды. 29 Бирақ ол қолын
ишке тартып алды ҳәм сол ўақыт-
та оның сыңары туўылды. Сонда
киндик шешеси:
– Сен қалайынша тосқынлықты
бузып өттиң? – деди. Сонлықтан
оған Перес[a] деп ат қойылды. 30 Со-
ңынан билегине қырмызы жип
байланған оның сыңары туўылды.
Оған Зерах деп ат қойды.

## Юсуп ҳәм Потифардың ҳаялы

39 1 Исмайыллылар Юсупти
Мысырға алып келди. Фа-
раон сарайының хызметшиси, сақ-
шылардың басшысы, мысырлы
Потифар Юсупти исмайыллылар-
дан сатып алды.
2 Жаратқан Ийе Юсуп пенен
бирге болып, оны табыслы қыл-
ды. Солай етип, Юсуп мысырлы
хожайынының үйинде жасады.
3 Оның хожайыны Жаратқан Ийе-
ниң Юсуп пенен бирге екенин ҳәм
ол ислеген ҳәр бир исти табыслы
қылып атырғанын көрди. 4 Юсуп
хожайынының кеўлинен шықты
ҳәм оның жақын хызметшисине
айланды. Сонлықтан оны үйи ҳәм
барлық мал-мүлки үстинен басқа-
рыўшы етип қойды. 5 Хожайыны
Юсупти үйи ҳәм пүткил мал-мүлки
үстинен басқарыўшы етип тайын-
лағаннан баслап, Жаратқан Ийе
Юсуп себепли Потифардың үйин
жарылқады. Оның үйине, атызына
ҳәм оған тийисли ҳәр бир нәрсеге
берекет берди. 6 Солай етип, По-
тифар өзиниң пүткил мал-мүлкин
Юсуптиң ықтыярына тапсырып,
өзи жейтуғын тамағынан басқа ҳеш
нәрсе менен иси болмады.
Юсуп қәдди-қәўмети келискен,
шырайлы жигит еди. 7 Арадан
бир қанша ўақыт өткеннен соң,

---

a **38:29** *Перес* – «бузып өтиў» дегенди билдиреди.

Потифардың ҳаялының Юсупке
ышқы кетип, оған:
– Мениң менен жат, – деди.
8 Бирақ Юсуп қарсылық көрсе-
тип, хожайынының ҳаялына бы-
лай деди:
– Мине, хожайыным үйиндеги
барлық затларды мениң ықтыя-
рыма тапсырып, ҳеш бир иске ара-
ласпайды. 9 Бул хожалықта меннен
бийлиги күшли адам жоқ. Ол сен-
нен басқа ҳеш нәрсени меннен ая-
мады. Себеби сен оның ҳаялысаң.
Мен қалайынша бундай үлкен қыл-
мыс ислеп, Қудайға қарсы гүна қы-
ламан?
10 Ҳаял Юсупке өзи менен бирге
жатыўды ҳәм бирге болыўды ҳәр
күни усыныс етсе де, Юсуп оның
айтқанына көнбеди.
11 Бир күни Юсуп өз ислерин ис-
леў ушын үйге кирди. Үйде хыз-
метшилерден ҳеш ким жоқ еди.
12 Сонда Потифардың ҳаялы Юсуп-
тиң шапанынан услап:
– Мениң менен жат, – деди. Бирақ
Юсуп шапанын ҳаялдың қолында
қалдырып, сыртқа қашып шықты.
13 Ҳаял Юсуптиң шапанын таслап
қашқанын көргенде, 14 үй хызмет-
шилерин шақырып, оларға:
– Қараңлар, күйеўим алып кел-
ген мына еврей бизлерди масқара
қылды-ғо! Ол мениң менен жатыў
ушын ишке кирди. Бирақ мен қат-
ты қышқырдым. 15 Ол мениң қыш-
қырып бақырғанымды еситкенде,
шапанын қасыма таслап, сыртқа
қашып кетти, – деди.
16 Хожайыны үйге келгенше, ҳаял
Юсуптиң шапанын сақлап қойды.
17 Ҳаял күйеўине де сол сөзлерди
айтып:
– Сениң бул жерге алып келген
еврей қулың маған келип, мени
масқара қылмақшы болды. 18 Би-
рақ мен қышқырып бақырғанымда,
ол шапанын мениң қасыма таслап,
сыртқа қашып кетти, – деди.
19 Юсуптиң хожайыны ҳаялы-
ның: «Сениң қулың маған усы-
лай иследи», – дегенин еситкенде
ғәзепке минди. 20 Ол Юсупти
тутқынға алып, патшаның тут-
қынлары қамалатуғын қамақха-
наға таслатты.
Бирақ Юсуп қамақта болғанда
да, 21 Жаратқан Ийе оның менен
бирге болып, оған жақсылық ис-
леди ҳәм қамақхана басшысына
Юсупти унамлы етип көрсетти.
22 Ол қамақханадағы барлық тут-
қынларды Юсуптиң қарамағына
тапсырды. Ол жердеги барлық
ислер ушын Юсуп жуўапкер бол-
ды. 23 Қамақхана басшысы Юсуп-
ке тапсырған жумыслардың ҳеш
бирине араласпады. Өйткени
Жаратқан Ийе Юсуп пенен бир-
ге болып, ол ислеген ҳәр бир ис-
ти табыслы қылды.

## Юсуптиң тутқынлардың түсин жорыўы

40 1 Бир қанша ўақыттан соң,
Мысыр патшасының шарап
қуйыўшысы ҳәм нанбайы өз хожа-
йынына, яғный Мысыр патшасына
қарсы айып иследи. 2 Фараон өзи-
ниң усы еки хызметкерине, яғный
бас шарап қуйыўшысы менен бас
нанбайына ашыўланып, 3 оларды
сақшылардың басшысының үйине,
Юсуп отырған қамақханаға қама-
тып таслады. 4 Сақшылардың бас-
шысы Юсупти олардың хызметине

бекитти. Солай етип, олар бир қан-
ша ўақыт қамақханада қалды.
5 Бир күни түнде фараонның қа-
мақта болған шарап қуйыўшысы
менен нанбайы екеўи де түс көр-
ди. Ҳәр түстиң өзинше мәниси бар
еди. 6 Ертеңине азанда Юсуп олар-
дың жанына келгенде, екеўиниң
де еңсеси түсип отырғанын көрди.
7 Юсуп хожайынының үйинде өзи
менен бирге қамалып жатырған фа-
раонның хызметкерлеринен:
– Бүгин неге қапа көринесиз? –
деп сорады.
8 Олар:
– Бизлер түс көрген едик, бирақ
оларды жорып беретуғын ҳеш ким
жоқ, – деди.
Юсуп оларға:
– Түс жорыў Қудайдан емес пе?
Түслериңизди маған айтып бериң-
лер, – деди.
9 Сонда бас шарап қуйыўшы тү-
син Юсупке айтып:
– Мен түсимде бир жүзим ағашын
көрдим. 10 Ағаштың үш шақасы бар
екен. Олар бөрте сала гүллеп, сол-
қым-солқым жүзим писти. 11 Ме-
ниң қолымда фараонның кесеси
бар екен. Мен жүзимлерди алып,
фараонның кесесине сықтым да, ке-
сени оның қолына бердим, – деди.
12 Юсуп оған былай деди:
– Бул түс мынаны аңлатады: үш
шақа – үш күн. 13 Үш күн ишинде
фараон сениң тәғдириңди шешеди
ҳәм сен бурынғы хызметиңе қайта-
саң. Оған бурынғыдай шарап усы-
натуғын боласаң. 14 Бирақ исиң
жүрискеннен кейин, мени есиңе ал.
Маған жақсылық ислеп, фараонға
мен туўралы айт ҳәм мени бул қа-
мақханадан шығарып ал. 15 Себеби
мен еврейлердиң жеринен урлап
әкелингенмен. Бул жерде де қа-
мақка таслағандай ҳеш нәрсе ис-
лемедим, – деди.
16 Бас нанбай Юсуптиң түсти жақ-
сы жорығанын көрип, оған бы-
лай деди:
– Мен де түс көрдим. Түсимде ба-
сымда үш себет нан бар екен. 17 Ең
үстиндеги себетте фараонға арнап
писирилген ҳәр түрли нан өнимле-
ри бар екен. Бирақ қуслар басым-
дағы себеттен оларды шоқып жеп
атыр екен, – деди.
18 Юсуп оған былай деди:
– Бул түс мынаны аңлатады: үш
себет – үш күн. 19 Үш күн ишинде
фараон тәғдириңди шешип, сени
дарға астырады ҳәм қуслар келип,
денеңди шоқыйды.
20 Үшинши күни фараон өзиниң
туўылған күнинде барлық хыз-
меткерлерине арнап зыяпат бер-
ди. Сонда ол өз хызметкерлериниң
алдында бас шарап қуйыўшысы
менен бас нанбайының тәғдирин
шешти. 21 Бас шарап қуйыўшы-
ны өз хызметине қайтарды. Солай
етип, бас шарап қуйыўшы және фа-
раонға кесесин усынатуғын болды.
22 Бирақ бас нанбайды, Юсуп жо-
рығандай, дарға астырды. 23 Бас
шарап қуйыўшы Юсупти еске ал-
мады, оны умытып жиберди.

## Юсуптиң фараонның түсин жорыўы

41 1 Арадан еки жыл өткенде,
фараон түс көрди. Түсин-
де ол Нил дәрьясының жағасында
тур екен. 2 Дәрьядан шырайлы ҳәм
семиз, жети сыйыр шығып, қамыс-
лықта отлай баслады. 3 Соңынан

дәрьядан сықылсыз ҳәм арық же-
ти сыйыр шығып, дәрьяның жаға-
сындағы алдынғы сыйырлардың
жанына барып турды. [4] Сықылсыз
ҳәм арық сыйырлар шырайлы ҳәм
семиз жети сыйырды жеп қойды.
Сол ўақытта фараон оянып кетти.
[5] Ол және уйықлап кетип, қайта-
дан түс көрди. Түсинде бир пақалда
жети жақсы ҳәм толық масақ өсип
тур екен. [6] Соңынан пуш ҳәм шығыс
самалы кептирген жети масақ өсип
шықты. [7] Бул пуш масақлар жақ-
сы ҳәм толық масақларды жутып
жиберди. Сол ўақытта фараон уй-
қысынан оянып кетип, бунның түс
екенин билди.
[8] Азанда фараон тынышсызла-
нып, Мысырдың барлық ўәлий руў-
ханийлери менен данышпанларын
шақыртып алды да, оларға көрген
түслерин айтып берди. Деген менен,
олардың ҳеш бири фараонның түс-
лерин жорый алмады.
[9] Сонда бас шарап қуйыўшы фа-
раонға былай деди:
– Бүгин мен өз айыбымды мо-
йынлаўға мәжбүрмен. [10] Бир күни
сиз өзиңиздиң қулларыңыз бол-
ған маған ҳәм бас нанбайға ашыў-
ланып, бизлерди сақшылардың
басшысының үйине, қамақхана-
ға қаматқан едиңиз. [11] Бир күни
түнде екеўимиз де түс көрдик. Ҳәр
түстиң өзинше мәниси бар еди.
[12] Сол жерде бизлер менен бирге
сақшылардың басшысының қу-
лы болған, бир еврей жигит бар
еди. Бизлер түслеримизди оған
айтып бергенимизде, ол жорып
берди. [13] Ҳәмме нәрсе ол жоры-
ғандай болды: мен өз хызметиме
қайттым, ал нанбай дарға асылды.
[14] Сонда фараон Юсупке адам
жиберип, оны тезлик пенен қа-
мақханадан алдырды. Юсуп са-
қал-муртын алып, кийимлерин
алмастырғаннан кейин, фараонның
алдына келди. [15] Фараон Юсупке:
– Мен бир түс көрдим, бирақ оны
ҳеш ким жорый алмады. Есити-
ўимше, сен түс жорый алады екен-
сең, – деди.
[16] Юсуп фараонға:
– Түс жорыў мениң қолымда емес.
Бирақ сизиң ийгилигиңиз ушын,
Қудайдың Өзи жорыйды, – деди.
[17] Сонда фараон Юсупке былай
деди:
– Түсимде Нил дәрьясының жа-
ғасында турған екенмен. [18] Сол
ўақытта дәрьядан семиз ҳәм
шырайлы жети сыйыр шығып,
қамыслықта отлай баслады. [19] Со-
ңынан дәрьядан арық, сықыл-
сыз ҳәм ети сүйегине жабысқан
жети сыйыр шықты. Мен пүт-
кил Мысыр елинде бундай арық
сыйырларды ҳеш көрмеген едим.
[20] Сықылсыз ҳәм арық сыйырлар
семиз сыйырларды жеп қойды.
[21] Бирақ семиз сыйырлар олар-
дың қарнына түссе де, ҳеш нәр-
се болмағандай, арық сыйырлар
бурынғысынша арық болып қа-
ла берди. Соннан кейин, мен оя-
нып кеттим.
[22] Кейин мен басқа түс көрдим.
Түсимде бир пақалда толық ҳәм
жақсы жети масақ өсип шыққанын
көрдим. [23] Соңынан пуш, жиңишке
ҳәм шығыс самалы кептирген же-
ти масақ өсип шықты. [24] Жиңишке
масақлар жақсы жети масақты жу-
тып жиберди. Мен түслеримди ўә-
лий руўханийлерге айтып бердим,

бирақ олардың ҳеш бири жорый
алмады.
25 Юсуп фараонға былай деди:
– Фараон, сизиң еки түсиңиз де
бир мәнисти аңлатады. Қудай не
ислейжағын сизге билдирипти.
26 Жети шырайлы сыйыр – же-
ти жыл. Жети жақсы масақ та –
жети жыл. Бул түслердиң мәниси
бир. 27 Олардан соң шыққан арық
ҳәм сықылсыз жети сыйыр ме-
нен шығыс самалы кептирген
жети жиңишке масақ жети жыл
ашлық болатуғынын билдиреди.
28 Мен жаңа айтқанымдай, Қудай
не ислейжағын сизге көрсетипти.
29 Пүткил Мысыр жеринде жети
жыл молшылық болады. 30 Ал он-
нан кейин болса, молшылық жыл-
ларын умыттыратуғын жети жыл
ашлық болады. Бул ашлық жерди
жүдетип жибереди. 31 Кейин бо-
латуғын ашлық соншелли аўыр
болғанлықтан, бурын болған мол-
шылықты умыттырып жибере-
ди. 32 Сизиң бир мәнистеги түсти
еки рет көриўиңиздиң мәниси –
Қудайдың анық қарар еткенин ҳәм
буны тез арада иске асыратуғынын
билдиреди.
33 Енди сиз ақыллы ҳәм дана
бир адамды таўып, оған Мысыр-
ды басқарыўды тапсырың. 34 Және
де, сиз ел үстинен қадағалаўшы-
ларды тайынлап, Мысыр жеринде-
ги молшылықтың жети жылында
өнимниң бестен бир бөлегин жый-
натың. 35 Ол адамлар келешектеги
молшылық жылларының пүткил
азығын топлап, қалалардағы сизге
тийисли телеклерге жыйнап сақла-
сын. 36 Жети жыллық ашлық ўақ-
тында бул ғәлле қорлары Мысырға
азық болып, ел ашлықтан қырыл-
майды.

### Юсуптиң Мысыр үстинен ҳүкимдар болыўы

37 Бул усыныс фараонға ҳәм оның
барлық хызметкерлерине мақул
түсти. 38 Фараон хызметкерлерине:
– Бизлер Қудайдың Руўхына ийе
болған бул адамнан басқа биреўди
таба аламыз ба? – деди.
39 Соңынан ол Юсупке былай деди:
– Қудай булардың ҳәммесин саған
ашып берген екен, демек, сеннен
ақыллы ҳәм дана адам болмағаны.
40 Мен сарайымды басқарыўды са-
ған тапсыраман, пүткил халқым
сениң буйрықларыңа қулақ аса-
туғын болады. Мен тахтым менен
ғана сеннен үстин боламан. 41 Ҳә-
зирден баслап, мен сени пүткил
Мысыр үстинен ҳүкимдар етип
тайынлайман.
42 Соңынан фараон бармағындағы
мөр жүзигин шешип алып, Юсуп-
тиң бармағына тақты. Оған ҳасыл
зығыр шапан кийгизип, мойнына
алтын шынжыр тақты. 43 Фараон
Юсупти өзинен кейинги екинши
дәрежели арбаға миндирип, оның
алдында: «Тәжим етиңлер!» – деп
жар салыўды буйырды. Солай етип,
фараон Юсупти пүткил Мысыр ели
үстинен ҳүкимдар етип қойды.
44 Соңынан фараон Юсупке және:
– Фараон – мен боламан, бирақ се-
ниң рухсатыңсыз пүткил Мысырда
ҳеш ким тырп ете алмайды, – деди.
45 Фараон Юсупке Сафнат-Панеах
деген ат қойып, оны Уон қаласын-
дағы руўханий Потифераның қызы
Асенатқа үйлендирди. Солай етип,
Юсуп Мысыр елин аралап шықты.

46 Юсуп Мысыр патшасы фара-
онның хызметине тайынланғанда
отыз жасында еди. Юсуп фараон-
ның алдынан кетип, пүткил Мысыр
жерин аралаўға шықты. 47 Жети
жыллық молшылық ўақтында жер
мол өним берди. 48 Юсуп Мысырда
жети жыл ишинде өнген өнимлер-
диң ҳәммесин жыйнап, қалаларда
сақлады. Ҳәр бир қала әтирапын-
дағы атызларда өнген өнимлерди
сол қалаға жыйнап қойды. 49 Юсуп
теңиз қумындай мол ғәлле жыйна-
ғанлықтан, оны өлшеўди тоқтатты.
Өйткени ғәлле өлшеп болмайтуғын
дәрежеде көп еди.

50 Ашлық жыллары басланбастан
бурын Уон қаласының руўханийи
Потифераның қызы Асенат Юсуп-
ке еки ул туўып берди. 51 Юсуп:
«Қудай маған барлық қыйыншы-
лықларымды ҳәм әкемниң үйин
умыттырды», – деп, туңғыш улы-
ның атын Менашше[a] деп қойды.
52 Юсуп екинши улын Эфрайым[b]
деп атап: «Қыйыншылық көрген
елимде Қудай мени өсип-өндир-
ди», – деди.

53 Мысырда жети жыллық мол-
шылық та тамамланды. 54 Юсуп-
тиң айтқанындай, жети жыллық
ашлық басланды. Ҳәмме еллерде
ашлық болса да, пүткил Мысыр
елинде азық-аўқат болды. 55 Пүт-
кил Мысыр ели аш бола баслаған-
да, халық фараонға жалбарынып,
нан сорады. Сонда фараон оларға:
«Юсупке барыңлар, ол сизлерге не
десе, соны ислеңлер», – деди. 56 Аш-
лық пүткил елди жайлап алғанда,
Юсуп телеклерди ашып, мысырлы-
ларға ғәлле сата баслады. Себеби
Мысырда ашлық ҳәўиж алған еди.
57 Юсуптен ғәлле сатып алыў ушын,
Мысырға барлық еллерден адам-
лар келетуғын еди. Өйткени пүткил
жер жүзинде ашлық күшейген еди.

## Юсуптиң ағаларының Мысырға келиўи

**42** 1 Яқып Мысырда ғәлле бар
екенин билгенде, улларына:
– Неге бир-бириңизге қарап отыр-
сызлар? 2 Мен Мысырда ғәлле бар
екенин еситтим. Өлмей тири қа-
лыўымыз ушын, сизлер ол жаққа
барып, ғәлле сатып алып келиң-
лер, – деди.

3 Солай етип, Юсуптиң он әжа-
ғасы ғәлле сатып алыў ушын,
Мысырға кетти. 4 Бирақ Яқып
Юсуптиң иниси Бенямынди олар
менен бирге жибермеди. Себеби ол
улының бир бәлеге жолығыўынан
қорқатуғын еди. 5 Солай етип, ғәлле
сатып алыўға келгенлер менен бир-
ге Израилдың уллары да Мысырға
келди. Өйткени Қанан жеринде де
ашлық болып атырған еди.

6 Юсуп Мысыр елиниң басшысы
болып, елдеги пүткил халыққа ғәл-
ле сататуғын еди. Сонда Юсуптиң
ағалары келип, оның алдында маң-
лайлары жерге тийгенше ийилип,
тәжим етти. 7 Юсуп ағаларын көрип,
оларды таныды. Бирақ өзин олар-
ды танымайтуғындай қылып көр-
сетип, қатал сөйледи ҳәм олардан:
– Қаяқтан келдиңлер? – деп со-
рады.

---

a **41:51** *Менашше* – «умыттырыў» дегенди билдиреди.
b **41:52** *Эфрайым* – «еки есе өнимли» дегенди билдиреди.

Олар Юсупке:
– Бизлер азық-ауқат сатып алыў
ушын, Қанан жеринен келдик, –
деп жуўап берди.
8 Юсуп ағаларын таныса да, аға-
лары оны танымады. 9 Юсуп олар
ҳаққында көрген түслерин еслеп,
оларға:
– Сизлер жансызларсыз! Бул ел-
диң ҳәлсиз жерлерин билиў ушын
келгенсизлер, – деди.
10 Олар Юсупке:
– Яқ, мырзамыз! Сизиң қуллары-
ңыз болған бизлер азық-ауқат са-
тып алыў ушын келдик. 11 Бизлер
ҳәммемиз бир әкениң улларымыз.
Сизиң қулларыңыз болған бизлер
ҳадал адамлармыз, жансыз емес-
пиз, – деди.
12 Юсуп оларға және:
– Яқ, сизлер елдиң ҳәлсиз жерле-
рин билиў ушын келгенсизлер, –
деди.
13 Олар:
– Сизиң қулларыңыз болған биз-
лер он еки туўысқанбыз. Ҳәммемиз
Қанан жеринде жасайтуғын бир
әкениң улларымыз. Ең кишкенемиз
ҳәзир әкемиздиң жанында, ал бас-
қа биреўи жойтылып кетти, – деди.
14 Юсуп оларға былай деди:
– Әне, айтқанымдай, сизлер жан-
сызларсыз. 15 Енди сизлер сынаў-
дан өтесиз. Егер генже инińиз бул
жерге келмесе, фараонның басы
менен ант ишемен, сизлер бул жер-
ден кетпейсизлер. 16 Араңыздан
бириңизди жибериң, ол барып,
инińизди алып келсин. Ал қал-
ғанларыңыз қамақта турасызлар.
Сөзлериңиздиң ҳақыйқат ямаса
жалған екенлигин тексерип көре-
миз. Егер сөзлериңиз жалған болса,
фараонның басы менен ант ишемен,
сизлер жансызларсыз.
17 Солай етип, Юсуп ағаларын үш
күнге қаматып қойды.
18 Үшинши күни оларға:
– Мен Қудайдан қорқатуғын
адамман. Егер сизлер былай ис-
лесеңиз, бир қасық қаныңыздан
кешемен: 19 өзлериңиздиң ҳадал
адамлар екенлигиңизди дәлилле-
ўиңиз ушын, араңыздан бириңиз
қамақта қалсын, ал қалғанлары-
ңыз аш қалған хожалықлары-
ңыз ушын ғәлле алып кетиңлер.
20 Соңынан кишкене инińизди
маған алып келиңлер. Сонда сөз-
лериңиздиң ҳақыйқый екенлиги
дәлилленип, өлимнен аман қала-
сызлар, – деди. Олар буған кели-
сим берди.
21 Олар бир-бирине: «Шынында
да, бизлер инимизге ислеген иси-
миз ушын жазаланып атырмыз. Ол
бизлерге жалбарынғанда, оның қа-
лай қыйналғанын көрсек те, оны
тыңламадық. Сол себептен биз-
лердиң басымызға да усы қыйын-
шылық түсти», – дести.
22 Рубен оларға:
– «Балаға жаманлық ислемең-
лер», – деп сизлерге ескертпеген
бе едим? Бирақ сизлер тыңлама-
дыңлар. Мине, ҳәзир оның қаны-
ның қуны бизлерден талап етилип
атыр, – деди.
23 Юсуптиң өзлерин түсинету-
ғынын ағалары билмеди, себеби
Юсуп олар менен дилмаш арқалы
сөйлескен еди.
24 Юсуп ағаларының жанынан
кетип, жылап жиберди. Соңынан
қайтып келип, олар менен сөй-
лести ҳәм араларынан Шимонды

тутқынға алып, басқаларының көз алдында байлатып қойды.

### Юсуптиң ағаларының Қананға қайтыўы

25 Юсуп ағаларының қапларын ғәллеге толтырыўды, гүмислерин ҳәр бириниң қабына қайтарып салыўды ҳәм жол азығын бериўди буйырды. Айтылған сөз орынланды. 26 Юсуптиң ағалары ғәллелерин ешеклерине артып, жолға түсти.

27 Түнеген жеринде олардың биреўи ешегине жем берейин деп қаптың аўзын ашты ҳәм өзиниң гүмисиниң қаптың аўзында турғанын көрди. 28 Ол туўысқанларына:

– Гүмисимди қайтарып берипти. Мине, ол қабымның ишинде екен, – деди. Сонда олардың жүреклери суўлап, қалтырасып, бир-бирине:

– Қудайдың бизлерге бул не қылғаны? – деди.

29 Олар Қананға, әкеси Яқыпқа қайтып келип, басларынан кеширгенлериниң ҳәммесин айтып берип, былай деди:

30 – Сол елдиң басшысы бизлер менен қатал сөйлесип, бизлерди елге келген жансызлар деп есаплады. 31 Бизлер оған: «Бизлер ҳадал адамлармыз, жансызлар емеспиз. 32 Бизлер он еки туўысқан болып, бир әкениң улларымыз. Бир инимиз жойтылып кетти, ал кишкене инимиз ҳәзир Қананда, әкемиздиң жанында қалды», – дедик. 33 Сол елдиң басшысы бизлерге: «Сизлердиң ҳадал адамлар екенлигиңизди мен мынадан билемен: туўысқаныңыздың биреўин қасымда қалдырың да, ал қалғанларыңыз аш қалған хожалықларыңыз ушын ғәлле алып, кете бериңлер. 34 Ал генже иниңизди маған алып келесизлер. Мен сонда сизлердиң жансыз емес, ал ҳадал адамлар екенлигиңизди билемен ҳәм туўысқаныңызды сизлерге қайтарып беремен. Сонда сизлер бул елде саўда ислей аласызлар», – деди.

35 Олар қапларын босатып атырып, ҳәр қайсысы өз қабының ишинен түйиўли гүмисин таўып алды. Түйиўли гүмислерин көргенде, олардың өзлери де, әкеси де қорқып кетти. 36 Сонда Яқып улларына:

– Сизлер мени перзентлеримнен айырдыңлар: Юсуп жоқ, Шимон жоқ, енди Беняминди де алып кетпекшисизлер. Маңлайым буншелли қара болмаса! – деди.

37 Рубен әкесине:

– Егер мен Беняминди қайтарып әкелмесем, мениң еки улымды өлтире ғой. Беняминди маған тапсыр, мен оны саған қайтарып әкелемен, – деди.

38 Бирақ Яқып:

– Улымды сизлер менен жибермеймен, өйткени ағасы өлип, ол жалғыз қалды. Егер ол жолда бир бәлеге жолықса, сизлер мениң ғарры басымды сол қайғы менен өлилер мәканына жибересизлер, – деди.

### Бенияминниң Мысырға алып барылыўы

**43** 1 Қанан жериндеги ашлық күшли еди. 2 Мысырдан алып келинген ғәлле таўысылғаннан кейин, Яқып улларына:

– Және барып, аз-маз азық-аўқат сатып әкелиңлер, – деди.

3 Яҳуда әкесине былай деди:

– Ол адам бизлерге: «Егер ини-
ңиз сизлер менен бирге келмесе,
көзиме көринбеңлер», – деп қатаң
айтқан еди. 4 Егер инимизди биз-
лер менен бирге жиберсең, барып,
саған азық-аўқат алып келемиз.
5 Егер жибермесең, бизлер бара ал-
маймыз, себеби ол адам: «Иниңиз
сизлер менен бирге келмесе, көзи-
ме көринбең», – деген еди.

6 Израил:

– Не ушын сизлер ол адамға және
бир иниңиздиң бар екенин айтып,
мениң басымды бәлеге қойдыңыз? –
деди.

7 Олар әкесине:

– Ол адам бизлерден өзлеримиз
ҳәм туўысқанларымыз ҳаққында
шуқлап сорап: «Әкеңиз еле тири
ме? Басқа туўысқаныңыз бар ма?» –
дегенде, бизлер оның сораўлары-
на жуўап бердик. Оның бизлерге:
«Иниңизди алып келиң», – деп айта-
туғынын қаяқтан билиппиз? – деди.

8 Яҳуда әкеси Израилға:

– Баланы мениң менен жибер,
кетейик. Сонда сен де, бизлер де,
балаларымыз да өлмей, тири қа-
ламыз. 9 Мен бала ушын басым
менен жуўап беремен, оны меннен
талап етесең. Егер мен оны алды-
ңа қайтарып әкелмесем, онда бир
өмир сениң алдыңда айыпкер бо-
ламан. 10 Егер ўақытты соза берме-
генимизде, ҳәзирге дейин еки рет
барып келген болар едик, – деди.

11 Ақырында Израил улларына
былай деди:

– Мейли, онда былай ислең: өзле-
риңиз бенен бирге бул жердиң ең
жақсы өнимлеринен алып, ол адамға
саўғаға аз-маз бальзам, аз-маз пал
ҳәм мум, ладан[a], писте, бадам алып
барыңлар. 12 Қапларыңыздың аў-
зында қайтып келген гүмислерди
қайтарып бериўиңиз ушын, еки есе
гүмис алып кетиңлер. Мүмкин, ал-
жасық болған шығар. 13 Иниңизди
алып, сол адамға қайтып барыңлар.
14 Қудирети күшли Қудай ол адам-
ның жүрегине сизлерге деген реҳим
берсин, ол сизлердиң сол туўысқа-
ныңыз бенен Беняминди сизлерге
қайтарып берсин. Ал маған келсек,
егер мен баласыз қалатуғын болсам,
мейли, баласыз қала қояйын.

15 Солай етип, туўысқанлар саў-
ғаларды, еки есе гүмисти ҳәм Бен-
яминди алып, Мысырға қарай
жолға шықты ҳәм Юсуптиң алды-
на келди. 16 Юсуп олардың жанын-
дағы Беняминди көргенде, өзиниң
үй басқарыўшысына:

– Бул адамларды мениң үйиме
алып бар да, мал сойып, аўқат та-
ярла. Өйткени олар түски аўқатты
мениң менен бирге жейди, – деди.

17 Үй басқарыўшысы Юсуптиң
айтқанындай ислеп, оларды Юсуп-
тиң үйине алып барды. 18 Туўыс-
қанлар өзлериниң Юсуптиң үйине
апарылғанын көргенде қорқып ке-
тип, бир-бирине: «Бурын қапları-
мызға қайтарып салынған гүмисти
сылтаўлап, ол бизлерди усы жерге
алып келген шығар. Ол бизлерге
топылып, өзлеримизди қул етпек-
ши ҳәм ешеклеримизди тартып ал-
мақшы шығар», – дести.

19 Олар қапының кирер аўзында
Юсуптиң үй басқарыўшысына жа-
қынлап барып:

---

a **43:11** *Ладан* – хош ийисли шайыр.

20 – Мырзамыз, бизлер буннан
алдын азық-аўқат сатып алыў
ушын бул жерге келген едик.
21 Қайтарсын түнеген жеримизде
қапларымызды ашып қарағаны-
мызда, ҳәр биримиз гүмисимиздиң
басы бузылмай, қаптың аўзында
турғанын көрип, ҳайран қалдық.
Бизлер оны қайтарып алып кел-
дик. 22 Буннан тысқары, бизлер
азық-аўқат сатып алыў ушын қо-
сымша гүмис алып келдик. Ал сол
гүмисимизди қапларымызға ким
салып қойғанын бизлер билмей-
миз, – деди. 23 Үй басқарыўшысы:
– Қәўетерленбеңлер ҳәм қорқ-
паңлар. Қапларыңыздағы бул ғә-
зийнени сизлердиң ҳәм әкеңиздиң
Қудайы қапларыңызға салып ке-
типти. Мен гүмисиңизди алдым, –
деди.

Соңынан ол Шимонды олардың
алдына алып келди.

24 Үй басқарыўшы оларды Юсуп-
тиң үйине алып келип, аяқларын
жуўыў ушын суў ҳәм ешеклерине
жем берди. 25 Туўысқанлар түс-
ке, Юсуптиң келиўине саўғаларын
таярлап қойды. Себеби өзлери-
ниң сол жерде аўқатланатуғынын
еситкен еди.

26 Юсуп үйге келгенде, олар саўға-
ларын ишке әкелип, Юсупке берди
ҳәм оның алдында жерге дейин ийи-
лип, тәжим етти. 27 Юсуп олардан
ҳал-аўҳал сорап болғаннан кейин:
– Өзлериңиз айтқан ғарры әке-
ңиз аман-саў жүр ме? Ол еле тири
ме? – деди.

28 – Сизиң қулыңыз болған әке-
миз аман-саў жүр, ол еле тири, –
деп олар ҳүрмет пенен ийилип,
тәжим етти.

29 Юсуп көз таслап, өзи менен бир
анадан туўылған иниси Бенямин-
ди көргенде:
– Бул маған айтқан генже ини-
ңиз бе? – деп сорады ҳәм Беня-
минге: – Қудай саған мийримин
түсирсин, улым, – деди де, 30 дәр-
ҳал сол жерден шығып кетти. Өйт-
кени туўысқанын көргенде, оның
жүреги елжиреп кеткен еди. Юсуп
бөлмесине кирип, сол жерде жы-
лап алды.

31 Ол бетин жуўғаннан кейин
сыртқа шықты да, өзин қолға алып:
– Аўқат әкелинсин! – деп буйырды.
32 Юсупке бөлек, аға-инилерине
бөлек ҳәм Юсуп пенен аўқатла-
нып отырған мысырлыларға бө-
лек дастурхан жайылды. Себеби
мысырлылар еврейлер менен бир-
ге аўқат жемейтуғын еди, бул олар
ушын мәкириў есапланатуғын еди.
33 Туўысқанлары Юсуптиң қарсы
алдында үлкенинен кишисине де-
йин, жасы бойынша отырды. Олар
таң қалысып, бир-бирине қарады.
34 Юсуптиң дастурханынан оларға
аўқат жиберилди. Сонда Бенямин-
ниң пайы басқаларға қарағанда бес
есе артық болды. Олар Юсуп пенен
бирге ишип, кеўил көтерип отырды.

### Жойтылған гүмис кесе

**44** 1 Юсуп өзиниң үй басқа-
рыўшысына былай деп
буйырды:
– Бул адамлардың қапларын өз-
лери көтере алғанша азық-аўқатқа
толтыр ҳәм ҳәр бириниң гүмисин
қабының аўзына сал. 2 Ең генжеси-
ниң қабының аўзына ғәлле ушын
төленген гүмисине қоса, мениң гү-
мис кесемди де салып қой.

Үй басқарыўшысы Юсуптиң айт-
қанындай етип иследи.
3 Ертеңине таң атыўдан, сол адам-
лар ешеклери менен бирге жол-
ға атландырылды. 4 Олар қаладан
узақлап кетпей турып, Юсуп өзи-
ниң үй басқарыўшысына былай
деп буйырды:
– Бар, сол адамлардың изинен қуў.
Жетип алғаныңнан кейин, оларға
былай деп айт: «Не ушын сизлер
жақсылыққа жаманлық қайтар-
дыңыз? 5 Не ушын хожайыным-
ның гүмис кесесин урлап кеттиңиз?
Хожайыным оннан ишип, оны пал
ашыў ушын қолланады-ғо. Сизлер
жаман ис ислediңлер».
6 Үй басқарыўшысы ағалы-ини-
лилердиң изинен қуўып жетип,
оларға усы гәплерди айтты.
7 Ағалы-инилилер оған:
– Мырзамыз, не ушын бундай сөз-
лерди айтып турсыз? Сизиң қул-
ларыңыз болған бизлер бундай
ислерди ислеўден аўлақпыз. 8 Ҳәт-
те, бизлер қапларымыздың аўзы-
нан тапқан гүмисти Қанан жеринен
сизге қайтарып әкелип берген едик-
ғо. Қалай бизлер хожайыныңыз-
дың үйинен гүмис ямаса алтын
урлаймыз? 9 Гүмис кесе қуллары-
ңыздың қайсы биринен табылса,
сол өлтирилсин, ал қалғанлары-
мыз хожайынымызға қул бола-
йық, – деди.
10 Үй басқарыўшысы:
– Мейли, сизлер айтқандай бол-
сын. Кесе кимнен табылса, сол
мениң қулым болады. Ал қалған-
ларыңыз айыпсыз боласыз, – деди.
11 Олар дәрҳал қапларын жерге
түсирип, аўызларын ашты. 12 Үй
басқарыўшы үлкенинен баслап,
кишисине дейин, ҳәммесиниң
қапларын тексерип шықты. Кесе
Бенияминниң қабынан табылды.
13 Туўысқанлар қайғыдан кийимле-
рин жыртты ҳәм жүклерин ешекле-
рине артып, қалаға қайтып барды.
14 Яҳуда ҳәм туўысқанлары
Юсуптиң үйине келгенде, ол еле
үйде еди. Олар Юсуптиң алдында
жерге жығылды. 15 Юсуп оларға:
– Неге бундай ислediңиз? Мен-
дей адамның пал ашып, билип ала-
туғынын билмедиңиз бе? – деди.
16 Сонда Яҳуда:
– Мырзамызға бизлер не айта ала-
мыз? Не деп түсиндире аламыз? Өз-
леримизди қалай ақлай аламыз?
Қудай қулларыңыздың айыбын әш-
кара етти. Бизлер де, кесе табылған
адам да сизге қул боламыз, – деди.
17 Юсуп:
– Яқ, мен бундай ислеўден аўлақ-
пан. Кесе кимнен табылған болса,
тек сол маған қул болады. Ал сиз-
лер аман-есен әкеңиздиң алдына
қайта бериң, – деди.

## Яҳуданың Бенямин ушын жалбарыныўы

18 Сонда Яҳуда Юсупке жақыны-
рақ келип былай деди:
– Мырзам, маған бир сөз айтыў-
ға рухсат етиң. Сиз фараон менен
бирдей бийликке ийесиз, қулы-
ңызға ашыўланбаң. 19 Мырзам, сиз
қулларыңыз болған бизлерден:
«Әкеңиз ямаса басқа туўысқаны-
ңыз бар ма?» – деп сорағаныңыз-
да, 20 бизлер сизге: «Ғарры әкемиз
ҳәм оның қартайғанда көрген ген-
же улы бар. Оның туўысқаны өлип,
анасынан жалғыз қалған еди ҳәм
әкемиз оны жақсы көреди», – деген

едик. 21 Сонда сиз қулларыңыз бол-
ған бизлерге: «Оны маған алып
келиң, бир көрейин», – деген еди-
ңиз. 22 Бирақ бизлер сизге: «Бала
әкесин таслап кете алмайды. Егер
әкеси оннан айырылса, өлип қала-
ды», – деген едик. 23 Сиз қуллары-
ңыз болған бизлерге: «Егер генже
иниңиз сизлер менен бирге келмесе,
көзиме көринбең», – деген едиңиз.
24 Бизлер сизиң қулыңыз болған
әкемизге қайтып барғанымызда,
сизиң сөзлериңизди оған айтып
бердик. 25 Әкемиз: «Және барып,
бизлерге аз-маз азық-ауқат сатып
алыңлар», – дегенде, 26 бизлер оған:
«Бара алмаймыз, егер генже ини-
миз бизлер менен бирге барса ға-
на, барамыз. Генже инимиз бизлер
менен бирге болмаса, ол адамның
жүзин көре алмаймыз», – дедик.
27 Сонда қулыңыз болған әкемиз
бизлерге: «Ҳаялым Раҳиланың ма-
ған еки ул туўып бергенин билесиз.
28 Биреўинен айырылдым. Оны
бир ҳайўан тилким-тилким етип
таслаған, соннан бери оны қайтып
көрмедим. 29 Егер сизлер буны да
алып кетсеңиз ҳәм ол бир бәлеге
жолықса, онда сизлер мениң ғарры
басымды сол қайғы менен өлилер
мәканына жибересизлер», – деди.
30 Енди мен сизиң қулыңыз бол-
ған әкемизге қайтып барғанымда,
оның жанынан артық көретуғын
улы қасымда болмаса, 31 ол улы-
ның жоқ екенин көрип, өлип қала-
ды. Сонда сизиң қулыңыз болған
бизлер қулыңыз болған әкемиздиң
ғарры басын сол қайғы менен өли-
лер мәканына жиберемиз. 32 Си-
зиң қулыңыз болған мен бул бала
ушын басым менен жуўап беремен
деп, әкеме: «Егер оны саған қайта-
рып алып келмесем, онда мен бир
өмир сениң алдыңда айыпкер бола-
йын», – дедим. 33 Сонлықтан енди
баланың орнына сизге мен қул бо-
лып қалайын. Ал бала туўысқанла-
ры менен бирликте қайта берсин.
34 Себеби бала жанымда болмаса,
әкеме қалай қайтып бараман? Мен
әкемниң басына түсетуғын бахыт-
сызлыққа шыдай алмайман.

## Юсуптиң туўысқанларына өзин танытыўы

**45** 1 Сонда Юсуп хызметши-
лердиң алдында өзин ар-
тық тута алмай:
– Ҳәммени бул жерден шығарып
жибериң! – деп бақырды. Солай
етип, Юсуп туўысқанларына өзин
танытқанда, оның жанында ҳеш
ким жоқ еди. 2 Оның даўыслап жы-
лағаны соншелли, мысырлылар да
оның жылағанын еситти. Бул ҳақ-
қында хабар фараонның сарайына
да жетип барды.
3 Юсуп туўысқанларына:
– Мен Юсуппен! Әкем еле тири
ме? – деди. Бирақ туўысқанлары
оның алдында албырап, не деп жу-
ўап берерин билмеди.
4 Юсуп оларға:
– Маған жақынырақ келиңлер, –
деди. Олар жақынырақ келгенде,
Юсуп сөзин былай деп даўам етти:
– Мен сизлер Мысырға сатып
жиберген туўысқаныңыз Юсуп-
пен! 5 Мени бул жерге сатып жи-
бергениңиз ушын қыйналмаң ҳәм
өзлериңизди айыпламаң. Қудай
адамлардың өмирин сақлап қалыў
ушын, мени сизлерден алдын бул
жерге жиберди. 6 Елде еки жылдан

бери ашлық болмақта, және бес
жыл даўамында жер де егилмейди,
зүрәәт те жыйналмайды. 7 Қудай
жер жүзинде урпақларыңызды сақ-
лап қалыў ушын ҳәм таң қаларлық
жол менен жанларыңызды қутқа-
рыў ушын, мени сизлерден алдын
бул жерге жиберди. 8 Мени бул жер-
ге сизлер жибергениңиз жоқ, ал
Қудай жиберди. Ол мени фараонға
кеңесгөй, оның сарайына хожайын
ҳәм пүткил Мысыр елине басшы
етип қойды. 9 Сизлер дәрҳал әкем-
ниң алдына барың да, оған улыңыз
Юсуп: «Қудай мени пүткил Мысыр
елине басшы етип қойды. Иркил-
мей, жаныма кел. 10 Сен балаларың,
ақлықларың, сүриў ҳәм падаларың,
пүткил мал-мүлкиң менен бирлик-
те Гошен жерине орналасып, мениң
жанымда боласаң. 11 Сол жерде мен
сени бағаман, өйткени ашлық жә-
не бес жыл даўам етеди. Болмаса
сен, хожалығың ҳәм саған тийисли
ҳәмме нәрсе набыт болады», – деп
айтып атыр деңлер.

12 Соңынан ол туўысқанлары-
на және:

– Мине, сизлер де, иним Беня-
мин, сен де өз көзлериңиз бенен
көрип турғаныңыздай, сизлерге
бул сөзлерди айтып турған мен –
ҳақыйқаттан да, Юсуп боламан.
13 Мысырда мениң қаншелли атақ-
абырайға ийе екенимди ҳәм өзлери-
ңиз көрген нәрселердиң ҳәммесин
әкеме айтып бериң. Әкемди дәрҳал
бул жерге алып келиң, – деди.

14 Соңынан Юсуп иниси Беня-
минниң мойнынан қушақлап жы-
лады. Бенямин де оны қушақлап
жылады. 15 Юсуп барлық ағала-
рын да сүйип, оларды қушақлап
жылады. Кейин туўысқанлары
оның менен сөйлесе баслады.

16 Юсуптиң туўысқанлары келге-
ни ҳаққында хабар фараонның са-
райына жетип барғанда, фараон ҳәм
оның хызметшилери буған қуўан-
ды. 17 Фараон Юсупке былай деди:

– Туўысқанларыңа айт, олар ешек-
лерине жүклерин артып, Қананға
қайтсын. 18 Әкесин ҳәм хожалықла-
рын алып, усы жерге қайтып келсин.
Мен оларға Мысырдың ең жақсы
жерлерин беремен, ишип-жейтуғы-
ны мол болады. 19 Және де, оларға
былай деп айтыўыңды да буйыра-
ман: балалары ҳәм ҳаяллары ушын
Мысырдан арбалар алып кетсин ҳәм
әкеңизди бул жерге алып келсин.
20 Қалып кеткен затларына ашын-
басын, пүткил Мысырдың ең жақсы
затлары олардики болады.

21 Израилдың уллары айтылған-
ларды иследи. Юсуп фараонның
буйрығы бойынша оларға арбалар
ҳәм жол ушын азық берди. 22 Юсуп
олардың ҳәр бирине бир шапаннан,
ал Бенябминге үш жүз шекел гүмис
пенен бес шапан берди. 23 Ол әкеси-
не арнап, он ешекке Мысырдың ең
жақсы затларын жүкледи ҳәм әке-
синиң жолы ушын, он машаға дән,
нан ҳәм азық-аўқат артып жибер-
ди. 24 Юсуп туўысқанларын жолға
шығарып салып атырып:

– Жолда жәнжеллесип жүрмең-
лер, – деди.

25 Юсуптиң туўысқанлары Мы-
сырдан шығып, Қанан елине, әке-
си Яқыптың жанына қайтып келди.
26 Олар әкесине:

– Юсуп тири екен, ол ҳәзир пүт-
кил Мысыр елин басқарып тур, –
деди. Бирақ Яқыптың жүреги булк

етпеди ҳәм оларға исенбеди. 27 Олар
әкесине Юсуптиң өзлерине айт-
қан барлық сөзлерин айтып берди.
Яқып өзин көширип әкелиў ушын
Юсуптиң жиберген арбаларын көр-
генде, руўхына жан кирди. 28 Сон-
да Израил:
– Енди исенемен, улым Юсуп еле
тири екен! Өлмесимнен бурын ба-
рып, оны көретуғын болдым, – деди.

## Яқыптың Мысырға көшип барыўы

46 1 Солай етип, Израил өзи-
ниң барлық мал-мүлкин
алып, жолға шықты. Беер-Шеба-
ға жетип келгенде, әкеси Ысақтың
Қудайына арнап қурбанлықлар
шалды. 2 Қудай түнде Израилға
аян берип:
– Яқып, Яқып! – деди.
– Ләббәй, – деди ол.
3 Қудай оған былай деди:
– Мен Қудайман, әкеңниң
Қудайыман. Сен Мысырға барыў-
дан қорқпа. Мен ол жерде сениң
урпақларыңнан уллы халық жа-
ратаман. 4 Мен сениң менен бирге
Мысырға бараман ҳәм урпақла-
рыңды усы жерге сөзсиз қайтарып
алып келемен. Қайтыс болғаныңда,
Юсуп өз қоллары менен көзлериң-
ди жабады.
5 Соңынан Яқып Беер-Шебадан
жолға шықты. Израилдың улла-
ры әкеси Яқыпты, балаларын ҳәм
ҳаялларын фараон жиберген ар-
баларға мингизип, алып кетти.
6 Олар малларын ҳәм Қанан жерин-
де жыйнаған пүткил мал-мүлкин
алып, Мысырға келди. Яқып пенен
оның пүткил урпақлары бирге еди.
7 Яқып өзи менен бирге улларын,
қызларын, ақлықларын, яғный
пүткил урпақларын алып, Мысыр-
ға көшип келди.
8 Израилдың, яғный Яқыптың
Мысырға алып келген улларының
ҳәм урпақларының атлары төмен-
дегише:
Яқыптың туңғышы – Рубен. 9 Ру-
бенниң уллары: Ханох, Паллу, Хес-
рон ҳәм Кармий.
10 Шимонның уллары: Емуел,
Ямин, Оҳад, Яхин, Сохар ҳәм қа-
нанлы ҳаялынан туўылған Шаул.
11 Лебийдиң уллары: Гершон, Қо-
ҳат ҳәм Мерарий.
12 Яҳуданың уллары: Эр, Онан, Ше-
ла, Перес ҳәм Зерах. Бирақ Эр менен
Онан Қананда қайтыс болған еди.
Перестиң уллары: Хесрон ҳәм Хамул.
13 Иссахардың уллары: Тола, Пу-
ўа, Иоб ҳәм Шимрон.
14 Зебулонның уллары: Серед,
Элон ҳәм Яхлеел.
15 Булар Леаның Яқыпқа туўып
берген уллары ҳәм олардың урпақ-
лары. Леа оларды ҳәм қызы Динаны
Паддан-Арамда туўған еди. Яқып-
тың Леа арқалы тараған урпақлары
барлығы болып отыз үш еди.
16 Гадтың уллары: Сифйон, Хаг-
гий, Шуний, Эсбон, Эрий, Ародий
ҳәм Арелий.
17 Ашердиң уллары: Имна, Ишўа,
Ишўий, Бериа ҳәм олардың қарын-
дасы Серах.
Берияның уллары: Хебер ҳәм
Малкиел. 18 Булар Лабанның қы-
зы Леаға берген шорысы Зилпаның
Яқыпқа туўып берген уллары ҳәм
олардың урпақлары. Олар барлы-
ғы он алты еди.
19 Яқыптың ҳаялы Раҳиланың
уллары Юсуп ҳәм Бенямин еди.

20 Мысырда Юсуп Менашше ҳәм
Эфрайым деген еки уллы болды.
Юсупке оларды Уон қаласының
руўханийи болған Потифераның
қызы Асенат туўып берди.
21 Бенияминниң уллары: Бела, Бе-
хер, Ашбел, Гера, Нааман, Эхий,
Рош, Муппим, Хуппим ҳәм Ард.
22 Булар Раҳиланың Яқыпқа ту-
ўып берген уллары ҳәм олардың
урпақлары. Олар ҳәммеси болып
он төрт еди.
23 Данның улы: Хушим.
24 Нафталийдиң уллары: Яхсиел,
Гуний, Есер ҳәм Шиллем. 25 Булар
Лабанның қызы Раҳилаға берген
шорысы Билҳаның Яқыпқа туўып
берген уллары ҳәм олардың урпақ-
лары. Олар ҳәммеси жетеў еди.
26 Яқыптың улларының ҳаялла-
рын қоспағанда, Яқыптың урпағы-
нан болған ҳәм оның менен бирге
Мысырға келгенлердиң саны ҳәм-
меси болып алпыс алты адам еди.
27 Юсуптиң Мысырда туўылған еки
улы менен бирликте Мысырға көш-
кен Яқыптың хожалығы ҳәммеси
болып жетпис адам еди.

### Яқыптың Юсуп пенен ушырасыўы

28 Яқып Гошен жеринде көрисету-
ғынын айтыў ушын Юсупке алдын
ала Яҳуданы жиберди. Олар Гошен
жерине жетип келгенде, 29 Юсуп
өзиниң арбасын жегип, әкеси Из-
раилды көриў ушын, Гошенге бар-
ды. Юсуп әкесин көре сала, оны
мойнынан құшақлап, узақ жыла-
ды. 30 Израил Юсупке:
– Тири екениңди өз көзим менен
көрдим, енди өлсем де, әрманым
жоқ, – деди.
31 Юсуп туўысқанларына ҳәм әке-
синиң үй-ишиндеги адамларға бы-
лай деди:
– Мен фараонға барып былай
деймен: «Қанан жеринде жаса-
ған туўысқанларым ҳәм әкемниң
үй-ишиндеги адамлар маған кел-
ди. 32 Олар шопанлар болып, шар-
ўашылық пенен шуғылланады.
Сонлықтан олар сүриўлерин, па-
даларын ҳәм барлық мал-мүлкин
өзлери менен бирге алып келген».
33 Егер фараон сизлерди шақырып:
«Кәсип-кәриңиз не?» – деп сораса,
34 сизлер: «Ата-бабаларымыз сы-
яқлы, бизлер де бала ўақтымыздан
бери шарўашылық пенен шуғыл-
ланамыз», – деп айтыңлар. Сонда
сизлерге Гошен жерине орнала-
сыўыңызға рухсат етиледи. Се-
беби мысырлылар шопанлардан
жеркенеди.

### Юсуптиң әкеси ҳәм туўысқанларының фараон менен ушырасыўы

47 1 Юсуп фараонға барып:
– Әкем ҳәм туўысқан-
ларым сүриўлери, падалары ҳәм
барлық мал-мүлки менен Қанан
жеринен келди. Олар ҳәзир Гошен
жеринде, – деп хабарлады.
2 Кейин Юсуп әжағаларының
ишинен бесеўин таңлап алып, фа-
раонның алдына алып келди.
3 Фараон Юсуптиң ағаларынан:
– Кәсип-кәриңиз не? – деп сорады.
Олар былай деп жуўап берди:
– Сизиң қулларыңыз болған
бизлер ата-бабаларымыз сияқ-
лы шопанбыз. 4 Бизлер бул елге
ўақытша жасаў ушын келдик. Қа-
нан жеринде күшли ашлық болып,

малларымыз жайылатуғын өрис қалмады. Рухсат етсеңиз, Гошен жерине орналасайық.

5 Сонда фараон Юсупке:

– Әкең ҳәм туўысқанларың саған
келипти. 6 Мысыр жери сениң ықтыярында. Оларды елдиң ең жақсы жерине орналастыр. Олар Гошен жеринде жасасын. Егер олардың арасында уқыплы адамлар бар болса, оларды мениң шарўам үстинен бақлаўшы етип қой, – деди.

7 Кейин Юсуп әкеси Яқыпты фараонның алдына апарды. Яқып фараонға пәтиясын берди. 8 Фараон
Яқыптан:

– Жасыңыз нешеде? – деп сорады.

9 Яқып оған:

– Мен бир жүз отыз жылдан бери дүньяға мийманман. Мениң өмирим тез ҳәм машақатлы өтти, бирақ мен ата-бабаларымның мийман болып жасап кеткен жасына еле жетпедим, – деп жуўап берди.

10 Соңынан Яқып фараонға пәтиясын берип, оның алдынан шығып кетти.

11 Солай етип, Юсуп әкесин ҳәм туўысқанларын Мысырға орналастырып, фараонның буйырғаныңдай, оларға елдиң ең жақсы жеринен, Рамсес үлкесинен меншик жер берди.
12 Және де, Юсуп әкесин, туўысқанларын ҳәм әкесиниң үй-ишин балаларының санына қарай азық-аўқат пенен тәмийинледи.

## Ашлық жыллары Юсуптиң Мысырды басқарыўы

13 Ашлықтың күшейгени соншелли, ҳеш бир елде жейтуғын нәрсе қалмады. Мысыр ҳәм Қанан еллери қырылып кете жазлады.

14 Юсуп сатқан дәни ушын Мысырдағы ҳәм Қанандағы барлық гүмислерди жыйнап, фараонның сарайына апарды.
15 Мысырда да, Қананда да гүмис таўысылғанда, мысырлылар Юсупке келип:

– Бизлерге жейтуғын нәрсе бериң! Бизлер сизиң көз алдыңызда өлип кетейик пе? Гүмислеримиз де таўысылды, – деди.
16 Юсуп оларға:

– Егер гүмисиңиз таўысылған болса, малларыңызды алып келиң. Мен олардың орнына сизлерге азық-аўқат беремен, – деди.

17 Солай етип, олар малларын Юсупке алып келди. Юсуп олардың атлары, майда-ири маллары ҳәм ешеклериниң орнына азықаўқат берди. Юсуп бир жыл бойы оларды малларының орнына азықаўқат пенен тәмийинледи.

18 Сол жыл өткеннен соң, кейинги жылы халық және Юсуптиң алдына келип:

– Мырзамыз, сизден ҳақыйқатты жасырмаймыз: гүмисимиз таўысылды, малларымызды сизге бердик. Енди сизге өзимизден ҳәм жеримизден басқа беретуғын ҳеш нәрсемиз қалмады.
19 Бизлер сизиң көз алдыңызда өлип кетейик пе? Жерлеримиз де шөлге айлансын ба? Сиз бизлерди ҳәм жерлеримизди сатып алып, орнына азық-аўқат бериң. Бизлер жеримиз бенен бирге фараонның қулы болайық. Бизлерге туқым бериң, өлмей, тири қалайық, жер де қаңырап қалмасын, – деди.

20 Солай етип, Юсуп Мысырдағы барлық жерлерди фараон ушын сатып алды. Мысырлылардың ҳәммеси атызларын сатты. Өйткени ашлық оларды буған мәжбүр етти.

Жерлердиң ҳәммеси фараондики
болды. 21 Юсуп Мысырдың бир ше-
тинен екинши шетине дейин пүт-
кил халықты фараонның қулына
айландырды. 22 Ол тек руўханий-
лердиң жерлерин ғана сатып алма-
ды. Себеби олар фараон тәрепинен
тәмийинленип, сол арқалы күн ке-
ширгенликтен, жерлерин сатпады.
23 Юсуп халыққа:
– Мен сизлерди ҳәм жерлери-
ңизди фараон ушын сатып алдым.
Мине, сизлерге туқым, оны жерге
егиңлер. 24 Зүрәәт жыйнағаныңыз-
да, зүрәәттиң бестен бир бөлегин
фараонға бересиз. Ал қалған төрт
бөлегин атызға егетуғын туқым
ретинде қолланасыз, және де, өзи-
ңиз, хожалығыңыз ҳәм балалары-
ңыз ушын аўқат қыласыз, – деди.
25 Халық Юсупке:
– Сиз бизлердиң өмиримизди
сақлап қалдыңыз. Мырзамыздың
кеўлинен шығайық ҳәм бизлер фа-
раонның қулы болайық, – деди.
26 Юсуп зүрәәттиң бестен бирин
фараонға бериў ҳаққында Мысыр-
да нызам шығарды ҳәм бул нызам
ҳәзирги күнге дейин сақланып ке-
леди. Тек руўханийлердиң жерлери
ғана фараонға берилмеди.

### Яқыптың соңғы тилеги

27 Израил Мысырда Гошен жери-
не орналасты. Олар сол жерде мү-
лик ийеси болды ҳәм өсип-өнип,
жүдә көбейди.
28 Яқып Мысырда он жети жыл
жасады. Ол барлығы болып бир
жүз қырық жети жыл өмир сүрди.
29 Өлими жақынласқанда, Яқып
улы Юсупти шақырып алып, оған
былай деди:
– Маған мийрим көрсет. Саным-
ның астына қолыңды қой да, маған
жақсылық ислеп, садықлық көр-
сететуғыныңа ҳәм мени Мысырда
жерлемейтуғыныңа ант иш. 30 Мен
қайтыс болғанымнан соң, мени
Мысырдан алып кетип, ата-баба-
ларымның жанына жерле.
Юсуп әкесине:
– Мен айтқаныңыздай ислей-
мен, – деди.
31 Израил оған:
– Маған ант иш! – деди.
Юсуп ант ишти. Израил төсеги-
ниң бас ушында ийилип, Қудайға
сыйынды.

### Яқыптың Эфрайым менен Менашшеге пәтиясын бериўи

**48** 1 Буннан бир қанша ўа-
қыт өткеннен соң, Юсуп-
ке: «Әкең аўырып атыр», – деген
хабар жеткенде, ол уллары Ме-
нашше менен Эфрайымды ертип,
әкесине кетти. 2 Яқыпқа: «Улыңыз
Юсуп келди», – деп хабарлағанда,
Израил күшин жыйнап, төсегинде
турып отырды.
3 Яқып Юсупке:
– Қүдирети күшли Қудай Қанан
жериндеги Лузда маған көринди
ҳәм мени жарылқап, 4 маған: «Мен
сени өсип-өндирип, көбейтемен.
Урпағыңнан көплеген халықлар
жаратаман. Бул жерди сеннен ке-
йинги урпақларыңа мәңгиге мен-
шик етип беремен», – деген еди.
5 Мен Мысырға келмесимнен ал-
дын, сениң бул жерде туўылған еки
улың Эфрайым менен Менашше
енди меники болып есапланады.
Олар мен ушын Рубен ҳәм Ши-
мон менен теңдей. 6 Олардан кейин

туўылатуғын балаларың өзиңдики
болады. Оларға Эфрайым ҳәм Ме-
нашше арқалы мийрас өтеди. [7] Мен
Падданнан қайтып киятырғаным-
да, Қанан елинде, Эфратаға же-
тиўге аз қалғанда, Раҳила қайтыс
болып, мен оннан айырылып қал-
дым. Оны Эфратаға, яғный Бейт-
леҳемге баратуғын жол бойына
жерледим, – деди.

[8] Израил Юсуптиң улларын кө-
рип:

– Булар кимлер? – деп сорады.

[9] Юсуп әкесине:

– Булар – Қудайдың маған Мы-
сырда берген уллары, – деди.

Сонда Израил оған:

– Оларды маған жақынлат, оларға
пәтиямды берейин, – деди.

[10] Қартайғанлықтан, Израилдың
көзлери әззилеп, жақсы көрмей-
туғын еди. Юсуп улларын әкеси-
не жақынлатқанда, әкеси оларды
сүйип, қушақлады. [11] Соңынан Из-
раил Юсупке:

– Мен сениң дийдарыңды көриў-
ден үмитимди үзген едим, бирақ,
минекей, Қудай маған сениң пер-
зентлериңди де көрсетти, – деди.

[12] Юсуп әкесиниң дизесинде
отырған улларын шетке алды да,
маңлайы жерге тийгенше ийилип,
әкесине тәжим етти. [13] Соңынан
Юсуп Эфрайымды оң жағына алып,
Израилдың шеп қолына туўры-
лап, ал Менашшени шеп жағына
алып, Израилдың оң қолына туў-
рылап турғызды. [14] Бирақ Израил
қолларын айқастырып, туңғыш ул
Менашше болыўына қарамастан,
оң қолын киши ул Эфрайымның
басына, ал шеп қолын туңғыш ул
Менашшениң басына қойды.

[15] Кейин Юсупке пәтиясын бе-
рип былай деди:

– Аталарым Ибрайым менен
Ысақтың хызмет еткен Қудайы,
усы күнге дейин, өмирим бойы ме-
ниң шопаным болған Қудай, [16] ме-
ни барлық жаманлықлардан сақлап
келген перишт бул өспиримлерди
жарылқасын! Мениң атым ҳәм ата-
ларым Ибрайым менен Ысақтың
атлары олар арқалы даўам етсин.
Олар жер бетинде есап-сансыз бо-
лып көбейсин.

[17] Әкесиниң оң қолын Эфра-
йымның басына қойғаны Юсупке
унамады. Сонлықтан ол әкесиниң
қолын Эфрайымның басынан алып,
Менашшениң басына қоймақшы
болды. [18] Юсуп әкесине:

– Әке, олай емес, туңғыш ул Ме-
нашше болады, оң қолыңды оның
басына қой, – деди.

[19] Бирақ әкеси келисим бермей:

– Билемен, улым, билемен. Ме-
нашшеден де уллы бир халық шы-
ғады. Бирақ оның иниси оннан да
уллырақ болып, урпақларынан көп
халықлар келип шығады, – деди.

[20] Сол күни Израил оларға пә-
тиясын берип, былай деди:

– Израиллылар пәтия бергенде:
«Қудай сени Эфрайым ҳәм Менаш-
шедей қылсын!» – деп сизлердиң
атыңыз бенен пәтия беретуғын бо-
лады.

Усылайынша Яқып Эфрайымды
Менашшеден жоқары қойды. [21] Соң
Израил Юсупке:

– Мениң өлимим жақынласты.
Қудай сизлер менен бирге болып,
сизлерди ата-бабаларыңыздың же-
рине қайтарады. [22] Саған туўыс-
қанларыңнан бир пай артық етип,

таў етегиндеги жерди де беремен. Оны мен қылыш ҳәм садағым менен амор халқынан тартып алған едим, – деди.

### Яқыптың улларына пәтиясын бериўи

49 1 Яқып улларын жанына шақырып алып, былай деди:
– Жаныма жыйналыңлар, мен келешекте сизлерге не болатуғынын билдирейин.

2 Жыйналып қулақ салыңлар,
Ҳәй, Яқып уллары,
Тыңлаңыз әкеңиз Израилды!

3 Ҳәй сен, Рубен, мениң туңғышым,
Еркеклик күшимниң дәслепки жемиси,
Сен ҳүрмет ҳәм күш жағынан ең үстинсең.
4 Бирақ тасқаның ушын суў сыяқлы,
Үстем болмайсаң ҳеш қашан енди.
Өйткени кирдиң сен әкеңниң төсегине,
Төсегиме кирип, ҳарамладың оны.

5 Ағайинли Шимон ҳәм Лебий,
Қылышлары – жаўызлық қуралы.
6 Олардың жасырын жобасына шерик болмайын,
Жыйынына да қатнаспайын мен.
Себеби олар ашыўға минип, адам өлтирди,
Кеўли күсегенин қылып,
Кести buғалардың тирсеклерин.
7 Нәлет жаўсын олардың реҳимсиз ашыўына,
Нәлет жаўсын олардың жаўыз ғәзебине!
Оларды бөлип жиберип, Яқып халқының арасына,
Тарқатаман Израил халқының арасына.

8 Ҳәй Яҳуда, туўысқанларың сени мақтайды.
Қолың жаўыңның желкесинен түспейди,
Туўысқанларың алдыңда бас ийеди.
9 Яҳуда, сен жас арыслансаң,
Улым мениң! Аң аўлап қайттың,
Жатасаң арыслан сыяқлы ширенип,
Мазаңды алыўға кимниң батылы жетер?
10 Ҳақыйқый ийеси келгенге дейин,
Патшалық ҳасасы алынбас сеннен.
Бийлик бәрқулла сеники болып,
Халықлар саған бойсынар.
11 Байларсаң ешегиңди жүзим ағашына,
Гүрреңди мийўели шақасына.
Жуўарсаң кийимлериңди шарапқа,
Шапаныңды жүзимниң қанына.
12 Шараптан нурлы болар көзлериң,
Сүттен ақ болар сениң тислериң.

13 Зебулон жасайды теңиз бойында,
Кемелерге жағыс болар ол,
Мәканлаған жери болар Сидонға шекем.

14 Жүклер арасында жатырған,
Иссахар – бир күшли ешек.

15 Ол қашан дем алатуғын жақсы
жер,
Унайтуғын бир ел көрсе,
Жүкти көтериў ушын ыйыуғын
тутып,
Ерксиз хызметшиге айланар.

16 Дан да Израилдың бир урыўы
болып,
Өз халқына қазылық етер.
17 Дан – жол шетиндеги жылан,
Ол – соқпақта жатырған бир
уўлы жылан.
Ол аттың табанынан шаққанда,
Атлыны шалқасына жығылтар.

18 Сениң қутқарыўыңды
күтпектемен, Жаратқан
Ийе!

19 Гад басқыншылар ҳүжимине
ушырар,
Бирақ олардың изинен қуўып,
шабыўыл жасар.

20 Ашердиңазық-аўқатытойымлы
келер,
Ол патшаға сай ләззетли тағам
жетистирер.

21 Нафталий – бир азат суўын,
Оннан әжайып балалар
туўылар.

22 Юсуп – миййели ағаш,
Ол – булақ басындағы жемисли
терек.
Шақалары диййалдан асып
өтер,
23 Оған садақшылар реҳимсиз
ҳүжим етти,
Душпанларша үстине оқлар
жаўдырды.

24 Бирақ Израилдың Қорғаўшы
жартасы ҳәм Шопаны
болған,
Яқыптың Күшли Қудайының
жәрдеминде,
Қоллары оның қарыўлы ҳәм
шаққан болды,
Сонлықтан ол садағын беккем
услады.
25 Әкеңниң Қудайы сени қоллап
турар,
Жоқарыдағы аспанның
берекети менен,
Жердеги терең булақлардың
берекети менен,
Көкирек сүти ҳәм ана
қурсағының берекети
менен,
Қудирети күшли Қудай сени
жарылқар.
26 Әкеңниң берген пәтиялары,
Уллырақ болар әййемги
таўлардың берекетлеринен,
Ески төбешиклер
молшылығынан да.
Пәтияларым туўысқанлары
ишинен таңланған Юсупке
қонсын!

27 Бенямин – аш қасқыр,
Ол аўлаған аңын азанда жеп,
Кеште олжаны бөлисер.

28 Израилдың он еки урыўы усы-
лар. Әкеси оларға бул сөзлерди ай-
тып, ҳәр бирине минәсип болған
пәтияны берген еди.

### Яқыптың өлими

29 Буннан кейин, Яқып улларына
былай деп ўәсият етти:
– Мен өлип, ата-бабаларыма қосы-
лажақпан. Мени ата-бабаларымның

жанына, хет халқынан болған Эф-
ронның атызындағы үңгирге апа-
рып қойыңлар. 30 Бул үңгир Қанан
жеринде, Мамреге жақын жердеги
Махпела атызында жайласқан. Оны
Ибрайым хет халқынан болған Эф-
роннан мазар қылыў ушын сатып
алған еди. 31 Ол жерге Ибрайым ҳәм
оның ҳаялы Сара, Ысақ ҳәм оның
ҳаялы Ребекка қойылған. Мен Леа-
ны да сол жерге қойдым. 32 Бул атыз
ҳәм ондағы үңгир хетлерден сатып
алынған еди.

33 Яқып улларына бул ўәсият сөз-
лерин айтып болғаннан соң, төсе-
гинде аяқларын жыйнап жатты да,
деми таўысылып, өз ата-бабалары-
на қосылды.

**50** 1 Сонда Юсуп өзин әкеси-
ниң үстине таслап, жылап
турып, оны сүйди. 2 Ол өз хызме-
тиндеги шыпакерлерге әкесиниң
денесин мумиялаўды буйырды.
Олар Израилды мумиялады. 3 Бул
ис қырық күнге созылды. Себеби
мумиялаўға сонша ўақыт керек
еди. Мысырлылар Израил ушын
жетпис күн аза тутты.

4 Азалаў күнлери өткеннен кейин,
Юсуп фараонның ўәзирлерине:

– Маған мийрим көрсетип, фа-
раонға мыналарды жеткизиңлер.
5 Әкем маған ант иштирип: «Мениң
өлимим жақынласты. Мени Қанан
жериндеги өзим ушын қаздырған
қәбирге апарып қой», – деген еди.
Енди фараон әкемди жерлеп қай-
тыўыма рухсат берсин, – деди.

6 Сонда фараон Юсупке:

– Әкеңе берген антыңды орынлап,
оны жерлеп қайт, – деди.

7 Солай етип, Юсуп әкесин жер-
леўге кетти. Фараонның барлық
хызметшилери, сарайдың ҳәм
Мысыр елиниң басшылары оның
менен бирге кетти. 8 Сондай-ақ,
Юсуптиң пүткил хожалығы, ту-
ўысқанлары ҳәм әкесиниң үй-иши
де оның менен бирге еди. Тек ба-
лаларды, майда ҳәм ири малларды
Гошен жеринде қалдырды. 9 Саўаш
арбалар ҳәм оның үстиндеги әс-
керлер де оларға қосылып, үлкен
көшке айланды.

10 Олар Иордан дәрьясының шы-
ғысындағы Атад қырманына же-
тип барғанда, ўай-ўайлап жылап,
даўыс шығарды. Юсуп әкеси ушын
жети күн аза тутты. 11 Сол жер-
де жасайтуғын қананлылар Атад
қырманындағы азалаў мәресимин
көрип: «Мысырлылар қаншелли
аўыр аза тутып атыр!» – дести.
Сол себепли Иорданның шығы-
сындағы бул жерге Абел-Мисра-
йым[a] аты берилди.

12 Яқыптың уллары әкесиниң ўә-
сиятын толық орынлады. 13 Оның
денесин Қанан жерине әкелип,
Мамреге жақын жердеги Махпе-
ла атызындағы үңгирге қойды. Бул
үңгирди Ибрайым хет халқынан
болған Эфроннан мазар қылыў
ушын атыз бенен бирге сатып алған
еди. 14 Юсуп әкесин жерлеп болған-
нан соң, оның өзи, туўысқанлары
ҳәм оның менен бирге әкесин жер-
леўге барғанлардың ҳәммеси Мы-
сырға қайтты.

---

a **50:11** *Абел-Мисрайым* – «мысырлылардың аза тутыўы» дегенди билдиреди.

### Юсуптиң ағаларына тәселле бериўи

15 Әкеси өлгеннен кейин, Юсуп-
тиң ағалары бир-бирине: «Егер
Юсуп бизлерге еле де кек сақлап
жүрген болып, оған ислеген жа-
манлықларымыз ушын бизлерден
өш алмақшы болса не қыламыз?» –
дести. 16 Солай етип, олар Юсупке
мынадай хабар жоллады: «Әкемиз
өлмесинен алдын ўәсият етип, 17 са-
ған: „Ағаларыңның саған ислеген
жаманлығын, олардың айып ҳәм
гүнасын кешир“, – деп айтыўы-
мызды тапсырған еди. Енди сен
әкеңниң Қудайының қуллары бол-
ған бизлердиң гүнамызды кешир!»
Юсуп бул хабарды еситкенде жы-
лап жиберди.
18 Соннан кейин, ағаларының өз-
лери Юсупке келип, оның алдында
жерге жығылып:
– Бизлер сениң қулларыңбыз, –
деди.
19 Бирақ Юсуп оларға:
– Қорқпаңлар! Мен Қудай емес-
пен. 20 Сизлер маған жаманлық
ойлаған едиңиз. Бирақ Қудай көп
адамлардың өмирин сақлап қа-
лыў ушын, ҳәзир өзлериңиз көрип
турғаныңыздай, бул жаманлықты
жақсылыққа айландырды. 21 Сон-
лықтан қорқпаңлар, мен сизлерди
де, балаларыңызды да бағаман, –
деди де, ағаларының жүрегине
жағатуғын жыллы сөзлер айтып,
оларға тәселле берди.

### Юсуптиң өлими

22 Солай етип, Юсуп ҳәм оның
әкесиниң үй-иши Мысырда жасап
қалды. Юсуп бир жүз он жыл жаса-
ды. 23 Юсуп Эфрайымның ақлық-
шаўлықларын көрди. Менашшениң
улы Махирдиң улларын баўыры-
на басты.
24 Юсуп туўысқанларына:
– Мениң өлимим жақынласты.
Бирақ Қудай сизлерге сөзсиз нә-
зер салады. Ол сизлерди бул жер-
ден алып шығып, Өзи Ибрайымға,
Ысаққа ҳәм Яқыпқа беремен деп
ант ишкен жерине апарады, – деди.
25 Соңынан оларға ант иштирип:
– Қудай сизлерге сөзсиз нәзер
салады. Сонда сизлер мениң сү-
йегимди бул жерден алып кетиң-
лер, – деди.
26 Юсуп бир жүз он жасқа шы-
ғып қайтыс болды. Оның денесин
мумиялап, Мысырда бир табытқа
салып қойды.

# Шығыў китабы

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Шығыў китабы Таўраттың екинши китабы. Бул китапта Қудайдың Өз халқы Израилды Мысырдағы қуллықтан азат етип, ол жерден алып шыққаны ҳаққында сөз етиледи. Соның ушын, китап «Шығыў» деп аталған. Жаратылыс китабының ақырында сөз етилген ўақыялардан усы китапта сөз етилген ўақыяларға дейин арадан 400 жыл өтеди. Израил халқы шама менен б. э. ш. 1440-жылы Мысырдан шығады (3Пат 6:1).

Шығыў китабында Қудайдың аты ҳәм Оның ким екени көрсетилип: Жаратқан Ийе жалғыз, ҳақыйқый Қудай, Ол барлық жаратылғанлардың Ҳүкимдары, деп таныстырылады (3:13-15).

Шығыў китабын үш бөлимге бөлиўге болады. Биринши бөлимде көп ўақыялар Мысыр елинде жүз береди (1–13 баплар). Израил халқы сол жерде фараонға қул болып хызмет етеди. Қудай Өз халқының дад-пәриядын еситеди. Оларды қуллықтан азат қылыў ушын, Муўсаны таңлап алады.

Муўса фараоннан, Израил халқын жибер, деп талап қылғанда, фараон рухсат бермейди. Соның ушын, Қудай Мысырға он апат жиберетуғыны ҳаққында Муўсаға айтады. Бул апатлар көбинесе «он жаза» деп те аталады. Оныншы жаза келгенде, илажсыз қалған фараон Израил халқына Мысырдан шығып кетиўге рухсат береди. Қудай сол күнди еслеп турыўы ушын, Израил халқына Қутқарылыў байрамын байрамлаўды буйырады.

Китаптың екинши бөлиминде (14–18 баплар) Израил халқы Қудайдың мухаддес таўы – Синайға кетип баратырғанда басларынан кеширген ўақыялар сөз етиледи. Мысыр фараоны Израил халқын азат етиў пикиринен дәрҳал қайтып, ләшкерлерине оларды тутып келиўди буйырады. Деген менен, Қудай Израилды қорғап, Мысыр ләшкерлерин қырып таслайды. Кейин Израил халқы шөл арқалы жүргенде, Қудай оларды азық-аўқат ҳәм суў менен тәмийинлейди.

Китаптың соңғы бөлиминдеги ўақыялар (19–40 баплар) Синай таўында жүз береди. Қудай бул таўда Муўсаға көринип, оған он буйрықты, және де, күнделикли турмыс, тәрбия ҳәм сыйыныў мәресимлери туўрысындағы нызам-қағыйдаларды береди. Қудай Израил халқының арасында болыў

ушын Муўсаға Мухаддес шатыр
қурыўды буйырады. Шатыр
ҳәм оның үскенелери ҳаққын-
да толық көрсетпелер береди.
Мухаддес шатыр Қудайдың Өз
халқы арасындағы турар мә-
каны болып, халық ол жерде
Қудайға ҳәр түрли садақа ҳәм
қурбанлықларды алып кели-
ўи керек еди.

---

## Израиллылардың Мысырда азап шегиўи

**1** 1 Яқып пенен бирге хожалықла-
ры менен Мысырға келген Из-
раил[a] улларының атлары мыналар
еди: 2 Рубен, Шимон, Лебий, Яҳуда,
3 Иссахар, Зебулон, Бенямин, 4 Дан,
Нафталий, Гад ҳәм Ашер. 5 Яқыптың
урпағынан шыққанлар барлығы бо-
лып жетпис адам еди. Ал Юсуп әлле
қашан Мысырда еди.
6 Ўақты келип, Юсуп, оның ту-
ўысқанлары ҳәм сол әўладтың
ҳәммеси дүньядан өтти. 7 Бирақ
Израил урпақлары өсип-өнип, бар-
ған сайын оғада көбейип, күшей-
гени соншелли, Мысыр ели оларға
толып кетти.
8 Сол ўақытта Мысыр тахтына
Юсупти танымайтуғын жаңа пат-
ша отырды. 9 Патша өз халқына:
«Минекей, Израил халқының са-
ны жүдә көбейип, күшли болып
баратыр. 10 Келиңлер, көбейип кет-
пеўи ушын оларға қарсы ҳийле қол-
ланайық. Болмаса, урыс болған
жағдайда, олар душпанларымыз-
ға қосылып кетиўи ҳәм бизлерге
қарсы урысып, елимизден кетип
қалыўы мүмкин», – деди.
11 Солай етип, мысырлылар из-
раиллыларға аўыр жумысларды
ислетип, езиў ушын, олардың үс-
тинен қул жумсайтуғын басшы-
ларды тайынлады. Израиллылар
фараон ушын Питом ҳәм Рамсес
деген телеклери бар қалаларды
салды. 12 Деген менен, мысырлы-
лар израиллыларды қаншелли ез-
ген сайын, олар соншелли көбейип,
артып барды. Сонда мысырлылар
қорқынышқа түсип, 13 израиллы-
ларды аяўсыз түрде жумыс ислеўге
мәжбүрледи. 14 Оларды ҳәр түрли
атыз жумысларын, ылай соғыў ҳәм
гербиш қуйыўдай аўыр жумыслар-
ды ислеўге аяўсыз мәжбүрлеп, тур-
мысын қыйынластырды.
15 Мысыр патшасы Шифра ҳәм
Пуўа деген еврейлердиң киндик
шешелерине буйырып:
16 – Еврей ҳаялларын туўдырып
атырғаныңызда, дыққатлы болың:
егер ул туўылса, өлтириң, ал егер
қыз туўылса, тири қалдырың, – де-
ди. 17 Бирақ киндик шешелер Қудай-
дан қорқатуғын еди. Сонлықтан
олар Мысыр патшасының айтқанын
ислемей, ул балаларды тири қал-
дырды. 18 Сонда Мысыр патшасы
киндик шешелерди шақыртып алып:
– Неге булай ислеп атырсызлар?
Неге ул балаларды тири қалдырып
атырсызлар? – деп сорады. 19 Кин-
дик шешелер оған жуўап берип:

---

a **1:1** *Израил* – Қудай Яқыпқа Израил атын берген еди. Жар 32:28.

– Еврей ҳаяллары мысырлы ҳа-
ялларға уқсамайды. Олар жүдә қа-
рыўлы болып, бизлер бармастан
алдын-ақ, туўып алады, – деди.
20 Бул иси ушын Қудай киндик
шешелерге жақсылық иследи. Ал
Израил халқы көбейип, барған са-
йын күши артып барды. 21 Өзинен
қорққаны ушын, Қудай киндик ше-
шелерге урпақ берди.
22 Соннан кейин, фараон өзиниң
пүткил халқына: «Еврейлердиң
туўылған ҳәр бир ул баласын Нил
дәрьясына таслаңлар, ал қыз бала-
ларын тири қалдырыңлар», – деп
буйырды.

### Муўсаның туўылыўы

2 1 Лебий урыўынан болған бир
адам урыўлас қызына үйленди.
2 Ҳаял ҳәмиледар болып, ул туўды ҳәм
баласының сондай сүйкимли екенин
көрип, оны үш ай жасырып жүрди.
3 Бирақ ҳаял баласын буннан былай
жасырып жүре алмайтуғын болған-
лықтан, қамыстан исленген бир се-
бетти алып, оған шайыр ҳәм қара май
жағып шықты. Кейин ишине баланы
салды да, Нил дәрьясының жағасын-
дағы қамыслыққа қойды. 4 Ал бала-
ның әжапасы үкесине не болатуғынын
көриў ушын, узақтан бақлап турды.
5 Сонда фараонның қызы шомы-
лыў ушын дәрьяға келди. Ал оның
шорылары дәрья жағасында жүр-
ген еди. Фараонның қызы қамыс-
лықтың арасында турған себетти
көрип қалып, оны әкелиў ушын шо-
рысын жиберди. 6 Ол себетти ашып,
жылап атырған баланы көрди ҳәм
оған жаны ашып:
– Бул – бир еврей баласы-ғо, – деди.
7 Сол ўақытта баланың әжапасы
фараонның қызына:
– Сизге баланы емизип бериўи
ушын, мен барып, еврейлерден
емизиўли бир ҳаялды шақырып
келейин бе? – деди.
8 Фараонның қызы оған:
– Яқшы, бар, – деп жуўап берди.
Қыз барып, баланың анасын ша-
қырып келди. 9 Фараонның қызы
ҳаялға:
– Мына баланы алып, маған еми-
зип бер, хызмет ҳақыңды төлей-
мен, – деди.
Ҳаял баланы алып, емизди. 10 Ба-
ла аз-маз өскеннен кейин, ҳаял оны
фараонның қызына алып келди. Фа-
раонның қызы баланы асырап алды
ҳәм «Оны суўдан шығарып алдым», –
деп, баланың атын Муўса[a] қойды.
11 Муўса ержеткеннен соң, бир
күни өз халқына барып, олардың
аўыр жумыс ислеп атырғанын көр-
ди. Сонда өз халқынан болған бир
еврейди бир мысырлының урып
атырғанына көзи түсип кетти.
12 Муўса әтирапына нәзер таслап,
ҳеш кимниң жоқ екенин көргенде,
мысырлыны өлтирип, оны қумға
көмип жасырды. 13 Ертеңине ол
және шыққанда, еки еврейдиң тө-
белесип атырғанын көрди. Сонда
Муўса наҳақ болған адамнан:
– Неге туўысқаныңды урып атыр-
саң? – деп сорады. 14 Сол адам Муў-
саға:
– Ким сени бизлердиң үстимиз-
ден басшы ҳәм қазы қылып қой-
ды? Мысырлыны өлтиргениңдей,
мени де өлтирмекшимисең? – деди.

---

a 2:10 *Муўса* – «шығарып алынған» деген мәнини беретуғын сөзге уқсайды.

Сонда Муўса қорқып кетип: «Ырасында да, бул ис әшкара болып қалған екен-ғо», – деп ойлады.
15 Бул ис ҳаққында фараон да еситип, Муўсаны өлтирмекши болды. Бирақ Муўса оннан қашып, Мидян жерине барып жасады.

Бир күни ол бир қудықтың қасында отырғанда,
16 Мидян руўханийиниң жети қызы келип, әкесиниң қойларын қудықтан суўғарыў ушын, наўаларды толтыра баслады.
17 Бирақ айырым шопанлар келип, оларды қуўып жиберди. Сонда Муўса келип қызларды қорғады ҳәм олардың қойларын суўғарып берди.
18 Қызлар әкеси Реуелдиң жанына қайтып барғанда, әкеси олардан:

– Неге бүгин бунша тез келдиңиз? – деп сорады.
19 Қызлары әкесине:

– Мысырлы бир адам бизлерди шопанлардан қорғады. Бунның үстине, ол суў алып, қойларымызды да суўғарып берди, – деп жуўап берди.

20 Әкеси оларға:

– Сол адам қай жерде? Оны неге таслап кеттиңиз? Барыңлар, оны аўқатқа шақырып келиңлер, – деди.

21 Муўса Реуелдиң мирәтин қабыл етип, оның үйинде жасап қалыўды шешти. Реуел оған қызы Сиппораны ҳаяллыққа берди.
22 Сиппора ул туўды ҳәм Муўса: «Мен жат елде келгинди адам болдым», – деп, балаға Гершом[a] деп ат қойды.

23 Арадан узақ ўақыт өткеннен соң, Мысыр патшасы өлди. Израиллылар еле қулшылықтан нала шегип, дад салып атырған еди. Олардың қулшылық себепли салған дады Қудайға жетип барды.
24 Қудай олардың налаларын еситип, Өзиниң Ибрайым, Ысақ ҳәм Яқып пенен дүзген келисимин[b] еске түсирди.
25 Қудай израиллылардың аўҳалын көрип, оларды аяды.

## Қудайдың Муўсаны шақырыыўы

3 1 Муўса қәйин атасы, Мидян руўханийи Итроның[c] қойларын бағатуғын еди. Бир күни ол сүриўди шөлдиң түпкирине жайып жүрип, Қудайдың таўы Хоребке келип қалды.
2 Сонда Жаратқан Ийениң периштеси оған шеңгел путасы арасында жанып турған оттың жалыны ишинде көринди. Муўса путаның жанып турғанын, бирақ жанып жоқ болып кетпегенин көрди.
3 Муўса: «Барып, бул таң қаларлық нәрсени көрейин. Пута неге жанып, жоқ болып кетпей тур екен?» – деп ойлады.
4 Жаратқан Ийе Муўсаның қараў ушын жақынлап киятырғанын көргенде, путаның ишинен:

– Муўса, Муўса! – деп шақырды.

– Ләббәй! – деп жуўап берди ол.

5 Қудай оған:

– Буннан артық жақынласпа. Аяқ кийимиңди шеш, себеби сен турған жер – мухаддес.
6 Мен сениң әкеңниң Қудайыман, Ибрайымның Қудайы, Ысақтың Қудайы ҳәм Яқыптың Қудайыман, – деди.

---

a **2:22** *Гершом* – «ол жерде келгинди» деген мәнини беретуғын сөзге уқсайды.
b **2:24** Жар 12:1-3; 26:2-5; 28:13-15.
c **3:1** *Итро* – бул 2:18 аяттағы Реуелдиң басқа аты.

Муўса Қудайға қараўға қорққан-
лықтан, жүзин жапты.
7 Сонда Жаратқан Ийе Муўсаға
былай деди:
– Мен халқымның Мысырда жәбир
шегип атырғанын көрдим ҳәм қул
жумсаўшылары себепли дад салып
атырғанын еситтим. Мен олардың
азап шегип атырғанын да билемен.
8 Сонлықтан Мен оларды мысыр-
лылардың қолынан қутқарыў ушын
келдим. Оларды сол елден шығарып,
кең ҳәм өнимдар болған жерге, сүт
ҳәм пал ағып турған жерге – қанан,
хет, амор, периз, хиў ҳәм ебус халық-
ларының еллерине апараман.
9 Мине,
израиллылардың дады Маған жетип
келди ҳәм мысырлылардың оларды
қалай езип атырғанын Өзим де көр-
дим.
10 Енди Мен сени халқым бол-
ған израиллыларды Мысырдан алып
шығыў ушын, фараонға жиберемен.
11 Бирақ Муўса Қудайға:
– Фараонға барып, израиллы-
ларды Мысырдан алып шығату-
ғындай, мен ким болыппан, – деп
жуўап берди.
12 Ал Қудай оған:
– Мен сениң менен бирге бола-
ман. Сени Мениң жибергенимниң
белгиси мынаў болады: халықты
Мысырдан алып шыққаныңнан
соң, усы таўда Маған сыйынасыз-
лар, – деди.
13 Сонда Муўса Оған:
– Мен Израил халқына барып:
«Мени сизлерге ата-бабаларыңыз-
дың Қудайы жиберди», – десем, олар
меннен: «Оның аты ким?» – деп со-
раса, мен оларға не деймен? – деди.
14 Қудай Муўсаға:
– Мен мәңгиге бар Болыўшыман.
Сен израиллыларға: «Мени сиз-
лерге мәңгиге бар Болыўшы жи-
берди», – деп айт, – деди.
15 Қудай
Муўсаға және былай деди:
– Сен израиллыларға тағы: «Ме-
ни сизлерге ата-бабаларыңыздың
Қудайы Жаратқан Ийе: Ибрайым-
ның Қудайы, Ысақтың Қудайы ҳәм
Яқыптың Қудайы мәңгиге бар Бо-
лыўшы[a] жиберди», – деп айт. Ме-
ниң атым мәңгиге усы болады.
Әўладтан-әўладқа Мениң атым-
ды усылай шақырсын.
16 Сен бар
да, Израил ақсақалларын жыйнап,
оларға былай де: «Ата-бабалары-
ңыз Ибрайымның, Ысақтың ҳәм
Яқыптың Қудайы болған мәңги-
ге бар Болыўшы маған көринип,
мыналарды айтты: „Мысырда сиз-
лерге нелер исленип атырғанын кө-
рип, сизлерге нәзеримди түсирдим.
17 Сизлерди Мысырдағы езиўши-
ликтен қутқарып, қанан, хет, амор,
периз, хиў ҳәм ебус халықларының
жерлерине, сүт ҳәм пал ағып турған
жерге апарыўды шештим“».
18 Из-
раилдың ақсақаллары саған қулақ
асады. Сен олар менен бирге Мы-
сыр патшасына барып, оған бы-
лай деңлер: «Еврейлердиң Қудайы
Жаратқан Ийе бизлерге көринди.
Енди шөлде үш күнлик жол жүрип
барып, Қудайымыз Жаратқан Ийе-
ге қурбанлық бериўге рухсат бер».
19 Бирақ Мен билемен, күшли бир
қол мәжбүрлемегенше, Мысыр пат-
шасы кетиўиңизге рухсат бермей-
ди.
20 Сонлықтан Мен қолымды

---

a **3:15** *Бар Болыўшы* – Қудайдың аты еврей тилинде «Яҳўе» болып, «болыў» деген фейилден дөретилген. Яҳўе сөзи улыўма Жаратқан Ийе деп алынды.

созаман ҳәм олардың арасында кә-
раматлар ислеп, Мысырды жаза-
лайман. Соннан кейин, ол сизлерди
азат қылады. 21 Халықты мысыр-
лыларға унамлы қылып көрсете-
мен. Сизлер кеткен ўақтыңызда,
қуры қол кетпейсиз. 22 Ҳәр бир ҳаял
мысырлы қоңсыларынан ҳәм олар-
дың үйинде жасайтуғын мысырлы
ҳаялдан гүмис ҳәм алтын безениў
буйымларын, кийим-кеншеклер
сорап алады. Ул-қызларыңызды
олар менен безендиресизлер ҳәм
сол тәризде мысырлыларды тонап
кетесизлер.

## Жаратқан Ийениң Муўсаға кәрамат көрсетиў бийлигин бериўи

4 1 Сонда Муўса Қудайға:
– Олар маған исенбе-
се ҳәм сөзлериме қулақ салмай:
«Жаратқан Ийе саған көринбеди», –
десе, не қыламан? – деди.
2 Жаратқан Ийе оннан:
– Қолыңдағы не? – деп сорады.
– Таяқ, – деп жуўап берди Муўса.
3 Жаратқан Ийе Муўсаға:
– Оны жерге тасла, – деди.
Муўса таяқты жерге таслағанда,
таяқ жыланға айланды. Муўса он-
нан қашты. 4 Жаратқан Ийе Муўсаға:
– Қолыңды созып, оның қуйры-
ғынан услап ал, – деди.
Муўса қолын созып, жыланның
қуйрығынан услап алғанда, ол жә-
не таяққа айланды. 5 Жаратқан Ийе
Муўсаға:
– Ата-бабаларының Қудайы, Иб-
райым, Ысақ ҳәм Яқыптың Қудайы
болған Жаратқан Ийениң саған кө-
рингенине олардың исениўи ушын,
сен оларға усыны көрсет, – деди.
6 Соңынан Жаратқан Ийе Муў-
саға және:
– Қолыңды қойныңа тық, – деди.
Муўса қолын қойнына тығып,
оны қайтып шығарып алғанда, қо-
лында тери кеселлиги пайда болып,
ети қар сыяқлы түлеп кеткен еди.
7 Жаратқан Ийе оған тағы:
– Қолыңды және қойныңа тық, –
деди.
Муўса және қолын қойнына ты-
ғып, оны қайтып шығарғанда, қолы
бурынғы ҳалына қайтты. 8 Сонда
Жаратқан Ийе Муўсаға былай деди:
– Егер олар саған исенбесе ҳәм
биринши кәраматлы белгиге ити-
бар аўдармаса, онда екиншисине
исенеди. 9 Ал егер бул еки белгиге
де исенбесе ҳәм сөзиңди тыңлама-
са, онда Нил дәрьясынан суў алып,
жерге төк. Дәрьядан алған суўың
жерде қанға айланады.
10 Муўса Жаратқан Ийеге:
– О, Ийем! Қулың болған мен бу-
рын да, Өзиң мениң менен сөйлесе
баслағаннан бери де шешен адам
емеспен. Мен майлы тилли де, сөз-
ге шебер де емеспен, – деди.
11 Сонда Жаратқан Ийе оған бы-
лай деди:
– Адамға тил берип қойған ким?
Адамды гүңелек, гереӊ, көрету-
ғын ямаса соқыр қылатуғын ким?
Жаратқан Ийе болған Мен емес-
пен бе? 12 Енди бар! Сөйлегениңде
Өзим саған жәрдем берип, не ай-
тыў кереклигин үйретип тураман.
13 Муўса Жаратқан Ийеге:
– О, Ийем! Өтинемен, мениң ор-
ныма басқа биреўди жибере гөр! –
деди.
14 Жаратқан Ийениң Муўсаға қә-
ҳәри келип былай деди:

– Лебий урыўынан болған әжа-
ғаң Харон бар емес пе? Билемен,
ол сөзге шешен. Мине, ол тап ҳә-
зир сени қарсы алыўға киятыр. Се-
ни көргенде, ол қуўанады. 15 Сен
оның менен сөйлесип, не айтыў
кереклигин оған билдир. Сөйле-
гениңизде, Өзим сизлерге жәрдем
берип, не ислейтуғыныңызды үй-
ретемен. 16 Сениң орныңа халыққа
Харон сөйлейди. Ол сениң аўзың
болады, ал сен ол ушын Қудай ор-
нында боласаң. 17 Мына таяғыңды
ал, сен оның менен кәраматлы бел-
гилер көрсетесең.

### Муўсаның Мысырға қайтыўы

18 Муўса қәйин атасы Итроға қай-
тып келип, оған:
– Мысырдағы туўысқанларым-
ның қасына қайтыўға рухсат бе-
риң. Барып, олардың аманлығын
билейин, – деди.
Итро оған:
– Аман-саў барғайсаң, – деди.
19 Жаратқан Ийе Муўсаға Мид-
ян елинде: «Мысырға қайт, себеби
жаныңа қаслық етпекши болған-
лардың ҳәммеси өлди», – деген еди.
20 Солай етип, Муўса ҳаялын ҳәм
улларын ешекке миндирип, Қудай-
дың өзине алыўды буйырған таяғын
алып, Мысырға қарай жолға шықты.
21 Жаратқан Ийе Муўсаға бы-
лай деди:
– Мысырға қайтып барғаныңда,
Мен саған берген күш пенен фа-
раонның алдында барлық кәра-
матларды көрсет. Бирақ Мен оның
жүрегин қатал қыламан ҳәм ол хал-
қымның кетиўине рухсат етпей-
ди. 22 Кейин сен фараонға былай
деп айт: «Жаратқан Ийе былай
дейди: „Израил Мениң улым, туң-
ғыш улым. 23 Маған сыйыныўы
ушын, улымды жибер, деп саған
айтқан едим. Бирақ сен оны жи-
бериўден бас тарттың. Сонлықтан
Мен сениң улыңды, туңғыш улың-
ды өлтиремен“».

### Сиппораның улын сүннет етиўи

24 Жолда, олар түнеген жерде,
Жаратқан Ийе Муўсаның қасына
келип, оны өлтирмекши болды.
25 Сонда Сиппора дәрҳал бир тас
пышақты алды да, улын сүннет
етти. Ол кесип алынған етти Муў-
саның аяғына тийгизип:
– Ҳақыйқаттан да, сен усы қан
арқалы мениң күйеўимсең, – де-
ди. 26 Сонда Жаратқан Ийе Муў-
саны аман қалдырды. Ал Сиппора
Муўсаға: «Сен қан арқалы мениң
күйеўимсең», – деп сүннетке бай-
ланыслы айтқан еди.

### Харонның Муўса менен ушырасыўы

27 Соңынан Жаратқан Ийе Ха-
ронға:
– Муўсаны қарсы алыў ушын, да-
лаңлыққа бар, – деди. Харон кетип,
Муўса менен Қудайдың таўында
ушырасты ҳәм оны сүйди. 28 Муў-
са Жаратқан Ийениң айтыў ушын
жиберген ҳәмме сөзлери ҳәм ис-
леўди буйырған барлық кәрамат-
лы белгилери ҳаққында Харонға
айтып берди.
29 Муўса менен Харон барып, Из-
раилдың барлық ақсақалларын
жыйнады. 30 Харон Жаратқан Ийе-
ниң Муўсаға айтқан ҳәмме сөзле-
рин оларға айтып берди. Муўса да

халық алдында кәраматлы белги-
лер көрсетти. 31 Халық исенди ҳәм
Жаратқан Ийениң өзлерине нәзер
салып, шегип атырған азапларын
көргенин еситкенде, Оған тәжим
етип, сыйынды.

## Мууса ҳәм Харон фараонның алдында

5 1 Соңынан Муўса менен Харон
фараонға барып, оған:
– Израилдың Қудайы Жаратқан
Ийе былай дейди: «Шөлге барып,
Маған арнап байрам қылыўы
ушын, халқымды жибер», – деди.
2 Бирақ фараон оларға:
– Мен айтқанын тыңлап, Из-
раил халқын жиберетуғындай,
Жаратқан Ийе ким болыпты? Мен
Жаратқан Ийени танымайман, из-
раиллылардың кетиўине де рухсат
бермеймен, – деди.
3 Сонда Муўса менен Харон:
– Еврейлердиң Қудайы бизлер ме-
нен ушырасты. Үш күнлик жол жү-
рип, шөлде Қудайымыз Жаратқан
Ийеге қурбанлық берип қайтыўға
рухсат етсеңиз. Болмаса, Ол биз-
лерди иллет пенен ямаса қылыш
пенен жазалайды, – деди.
4 Ал Мысыр патшасы оларға:
– Ҳәй, Муўса ҳәм Харон! Неге ха-
лықты жумысынан алағада қылып
атырсыз? Барың, жумысыңызға
қайтың. 5 Соншелли көп пуқара-
ларды не ушын жумысынан қал-
дыражақсыз? – деди.
6 Сол күни фараон қул жумсаў-
шыларына ҳәм израиллы бақлаў-
шыларға буйрық берип былай деди:
7 – Буннан былай, гербиш ис-
леў ушын халыққа бурынғыдай
сабан бермең. Барып, сабанды
өзлери жыйнап алсын. 8 Бирақ бу-
рын қанша гербиш қуйған болса,
ендигиден былай да, сонша гер-
биш қуйыўды талап етиң. Гербиш
санын азайтпаң. Өйткени олар
ериншек адамлар болғанлықтан:
«Барып, Қудайымызға қурбан-
лық беремиз», – деп бақырмақта.
9 Жумысларын соншелли дәреже-
де аўырластырың, олар ис пенен
бәнт болып, жалған сөзлерге қу-
лақ аспасын.
10 Солай етип, қул жумсаўшылар
ҳәм израиллы бақлаўшылар барып,
израиллыларға былай деди:
– Фараон былай демекте: «Енди
сизлерге сабан бермеймен. 11 Сабан-
ды қай жерден тапсаңыз, сол жерден
табыңлар. Бирақ қуятуғын герби-
шиңиздиң муғдары азайтылмайды».
12 Солай етип, халық атызлар-
дан сабан жыйнаў ушын пүткил
Мысыр бойлап тарап кетти. 13 Қул
жумсаўшылар оларды қысқыға
алып: «Күнделик жумысыңызды
сабан берилген күнлердегидей то-
лық орынлаң», – деди. 14 Соңынан
олар: «Неге сизлер кеше ҳәм бүгин
бурынғыдай муғдарда гербиш қуй-
дырмадыңыз?» – деп өзлери қойған
израиллы бақлаўшыларды урды.
15 Сонлықтан израиллы бақлаў-
шылар фараонға барып, оған бы-
лай деп нала шекти:
– Неге қулларыңызға бундай қат-
нас жасап атырсыз? 16 Бизлерге са-
бан бермесе де, гербиш қуйыўды
талап етеди. Минекей, қулларыңыз
болған бизлер таяқ жеп атырмыз. Ал
буған айыплы – сизиң адамларыңыз.
17 Бирақ фараон оларға:
– Сизлер ериншексизлер, ерин-
шек! Сол себептен: «Барып,

Жаратқан Ийеге қурбанлық бе-
ремиз», – деп атырсызлар. 18 Қәне-
кей, барыңлар жумысларыңызға!
Сизлерге сабан берилмейди. Ал
гербишти белгиленген муғдарда
жеткизесизлер, – деди.
19 «Күнделикли жеткизилетуғын
гербиштиң муғдарын азайтпайсыз-
лар», – деген сөзлерди еситкенде,
израиллы бақлаўшылар өзлери-
ниң қыйын аўҳалда екенин түсин-
ди. 20 Олар фараонның алдынан
шыққаннан кейин, өзлерин күтип
турған Муўса менен Харонға дус-
ласып, 21 оларға:
– Сизлер бизлерди фараонға ҳәм
онның хызметшилерине жаман атлы
қылдыңыз. Бизлерди өлтириў ушын,
олардың қолларына қылыш услатты-
ңыз. Бул исиңизди көрип, Жаратқан
Ийе сизлерди жазаласын, – деди.

### Жаратқан Ийениң қутқарыўды ўәде етиўи

22 Сонда Муўса ол жерден кетти
ҳәм Жаратқан Ийениң алдына ба-
рып, былай деди:
– Ийем! Не ушын бул халықты
бәлеге дуўшар қылдың? Мени не
ушын жибердиң? 23 Фараонға ба-
рып, Сениң атың менен сөйлеген
күнимнен бери, фараон бул халық-
ты бәлеге дуўшар қылмақта. Ал
Сен Өз халқыңды қутқарыў ушын
ҳеш нәрсе ислемедиң.

6 1 Сонда Жаратқан Ийе Муўсаға:
– Енди сен фараонға не ис-
лейтуғынымды көресең. Ол Мениң
қүдиретли қолым себепли Израил
халқын азат етеди, ҳәтте, қүдиретли
қолым себепли оларды өзи елинен
қуўып шығарады, – деди.

### Қудайдың Муўсаны жәнe шақырыўы

2 Қудай Муўсаға жәнe былай деди:
– Мен – Жаратқан Ийемен. 3 Иб-
райымға, Ысаққа ҳәм Яқыпқа
Қүдирети күшли Қудай болып
көриндим.[a] Бирақ Мен олар-
ға Өзимди Жаратқан Ийе деген
атым менен танытпадым. 4 Өзле-
ри келгинди болып жасаған Қа-
нан жерин оларға бериў ушын, Мен
олар менен келисим дүздим. 5 Ен-
ди болса, мысырлылар қул қыл-
ған израиллылардың налаларын
еситип, келисимимди еске алдым.
6 Солай етип, израиллыларға бы-
лай де: «Мен – Жаратқан Ийемен.
Сизлерди мысырлылардың аўыр
жумысынан азат етип, олардың
қуллығынан алып шығаман. Олар-
ды қатаң жазалайман, сизлерди
күшли қолымды созып, қутқа-
рып аламан. 7 Сизлерди Өз хал-
қым қыламан ҳәм Өзим сизлердиң
Қудайыңыз боламан. Сонда сиз-
лер Мениң өзлериңизди мысыр-
лылардың аўыр жумысынан азат
қылған Қудайыңыз Жаратқан Ийе
екенимди билип аласызлар. 8 Сиз-
лерди Ибрайым, Ысақ ҳәм Яқыпқа
беремен деп Өзим ант ишкен жерге
апараман. Ол жерди сизлерге мү-
лик етип беремен. Мен – Жаратқан
Ийемен».
9 Муўса бул сөзлерди изра-
иллыларға айтып берди. Бирақ
олар руўхый түскинликте болып,
аўыр қулшылықта жүргенликтен,

a **6:3** Жар 17:1-8; 28:1-5; 35:11-13.

Муўсаны тыңламады. 10 Сонда
Жаратқан Ийе Муўсаға:
11 – Мысыр патшасы фараонға ба-
рып: «Израиллылардың жериңнен
кетиўине рухсат бер», – деп айт, – де-
ди. 12 Бирақ Муўса Жаратқан Ийеге:
– Мен сөзге шешен емеспен. Сө-
зимди израиллылар тыңламағанда,
фараон қалай тыңласын? – деди.
13 Деген менен, Жаратқан Ийе
Муўса ҳәм Харон менен сөйлесип,
израиллыларды Мысыр жеринен
алып шығыў ушын, израиллыларға
ҳәм Мысыр патшасы фараонға бай-
ланыслы буйрықлар берди.

## Муўса ҳәм Харонның шежиреси

14 Израиллылардың әўлад бас-
шылары мыналар еди: Израилдың
туңғыш улы Рубенниң уллары: Ха-
нох, Паллу, Хесрон, Кармий. Булар
Рубенниң тийрелери еди.
15 Шимонның уллары: Емуел,
Ямин, Оҳад, Яхин, Сохар ҳәм қа-
нанлы бир ҳаялдан туўылған улы
Шаул. Булар Шимонның тийре-
лери еди.
16 Урпақлары бойынша, Лебийдиң
улларының атлары мыналар еди:
Гершон, Қоҳат ҳәм Мерарий. Лебий
бир жүз отыз жети жыл өмир сүр-
ди. 17 Гершонның уллары: ҳәр би-
ри тийре басшысы болған Либний
менен Шимей. 18 Қоҳаттың уллары:
Амрам, Исҳар, Хеброн ҳәм Уззиел.
Қоҳат бир жүз отыз үш жыл өмир
сүрди. 19 Мерарийдиң уллары: Мах-
лий ҳәм Муший. Шежиреси бойын-
ша, Лебийдиң тийрелери усылар еди.
20 Амрам әкесиниң қарындасы
Иохебедке үйленип, Иохебед оған
Харон менен Муўсаны туўып берди.
Амрам бир жүз отыз жети жыл өмир
сүрди. 21 Исҳардың уллары: Қорах,
Нефег ҳәм Зихрий. 22 Уззиелдиң ул-
лары: Мишаел, Элсафан ҳәм Ситрий.
23 Харон Нахшонның қарында-
сы, Амминадабтың қызы Элише-
баға үйленди. Элишеба оған Надаб,
Абиҳу, Элазар ҳәм Итамарды туўып
берди. 24 Қорахтың уллары: Ассир,
Элқана ҳәм Абиасаф. Булар Қорах-
тың үрим-путағы еди. 25 Харонның
улы Элазар Путиелдиң қызлары-
ның бирине үйленди. Ҳаялы он-
нан Пинехасты туўды. Тийрелерге
бөлинген Лебий урыўының әўлад
басшылары усылар еди.
26 Усы Муўса менен Харонға
Жаратқан Ийе: «Израиллыларды
топ-тобы менен Мысырдан алып
шығыңлар», – деген еди. 27 Изра-
иллыларды Мысырдан алып шы-
ғыў ушын, Мысыр патшасы фараон
менен сөйлескенлер де усы Муўса
менен Харон еди.

## Жаратқан Ийениң Муўса менен Харонға берген буйрығы

28 Жаратқан Ийе Мысырда Муў-
са менен сөйлескенинде, 29 оған:
«Мен – Жаратқан Ийемен. Саған
айтатуғынларымның ҳәммесин
Мысыр патшасы фараонға жет-
киз», – деген еди. 30 Сонда Муўса
Жаратқан Ийениң алдында Оған:
«Мен сөзге шешен емеспен. Мени
фараон тыңлайтуғын ба еди?» – деп
жуўап берген еди.

# 7

1 Бирақ Жаратқан Ийе Муўсаға
былай деди:
– Минекей, Мен сени фараон
ушын Қудай сыяқлы қылдым, ал

әжағаң Харон сениң пайғамбарың
болады. 2 Саған буйырғанларым-
ның ҳәммесин әжағаңа айт. Ол
фараон менен сөйлесип: «Изра-
иллылардың Мысыр жеринен ке-
тиўине рухсат бер», – деп айтсын.
3 Деген менен, Мен фараонның жү-
регин қатал қыламан. Мысырда
көп белгилеримди ҳәм кәрамат-
ларымды көрсетсем де, 4 фараон
сизлерди тыңламайды. Мен қо-
лымды Мысырға созып, оларды
қатаң жазалайман ҳәм халқым Из-
раилды топ-тобы менен Мысыр же-
ринен алып шығаман. 5 Мысырға
қарсы қолымды көтерип, израил-
лыларды олардың арасынан алып
шыққанымда, мысырлылар Ме-
ниң Жаратқан Ийе екенимди би-
лип алады.
6 Муўса менен Харон Жаратқан
Ийениң буйырғанындай иследи.
7 Фараон менен сөйлескенде, Муў-
са сексен, ал Харон сексен үш жас-
та еди.

### Харонның таяғының жыланға айланыўы

8 Жаратқан Ийе Муўса менен Ха-
ронға былай деди:
9 – Фараон сизлерге: «Мени исен-
дириў ушын бир кәрамат көрсе-
тиңлер», – дегенде, сен Харонға:
«Таяғыңды фараонның алдына тас-
ла», – деп айт. Сонда таяқ жылан-
ға айланады.
10 Солай етип, Муўса менен Харон
фараонға барып, Жаратқан Ийе-
ниң буйырғанындай иследи. Ха-
рон таяғын фараонның ҳәм оның
хызметкерлериниң алдына тасла-
ды. Таяқ жыланға айланды. 11 Сон-
да фараон өз данышпанларын ҳәм
сыйқыршыларын шақырды. Олар
да өз сыйқыршылығы менен анық
солай иследи. 12 Олардың ҳәр би-
ри таяғын таслап жибергенде, та-
яқлар жыланға айланды. Бирақ
Харонның таяғы олардың таяқла-
рын жутып жиберди. 13 Жаратқан
Ийениң айтқанындай, фараонның
жүреги қатал болып, Муўса менен
Харонды тыңламады.

### Биринши жаза: суўдың қанға айланыўы

14 Соңынан Жаратқан Ийе Муў-
саға былай деди:
– Фараонның жүреги қатал бо-
лып тур. Ол халықты жибериў-
ден бас тартып атыр. 15 Ертеңине
азанда бар да, фараон Нил дәрья-
сына қарай шыққанда, жыланға
айланған таяғыңды алып, дәрья
жағасында оның жолын тосып тур.
16 Кейин фараонға былай де: «Ев-
рейлердиң Қудайы Жаратқан Ийе-
ниң: „Шөлде Маған сыйыныўы
ушын, халқымды жибер“, – деп
айтқан сөзин жеткериўим ушын,
мени саған жиберди. Бирақ сен
усы ўақытқа шекем қулақ аспа-
дың. 17 Сонлықтан Жаратқан Ийе:
„Мениң Жаратқан Ийе екенимди
енди билип аласаң“, – дейди. Ми-
некей, мен қолымдағы таяқ пенен
дәрьяның суўына урсам, суў қан-
ға айланады. 18 Дәрьядағы балық-
лар өлип, дәрья сасып кетеди ҳәм
мысырлылар дәрьяның суўын ише
алмай қалады».
19 Кейин Жаратқан Ийе Муўсаға
былай деди:
– Харонға айт, ол таяғын алып,
оны Мысырдың суўлары үстине –
дәрьялары, өзеклери, көллери ҳәм

барлық ҳәўизлери үстине созсын.
Олардағы, ҳәтте, пүткил Мысыр-
дағы ағаш ҳәм тас ыдыслардағы
суўлар да қанға айланады.
[20] Муўса менен Харон Жаратқан
Ийениң буйырғанындай иследи.
Харон фараон ҳәм оның хызметши-
лериниң көз алдында таяқты көте-
рип, Нил дәрьясының суўына урып
жибергенде, ондағы барлық суўлар
қанға айланды. [21] Дәрьядағы ба-
лықлар өлип, дәрья сасый баслады.
Мысырлылар дәрьяның суўын ише
алмай қалды. Мысырдың ҳәмме
жерин қан жайлап кетти. [22] Бирақ
мысырлы сыйқыршылар да өз сый-
қыршылығы менен анық усылай
иследи. Жаратқан Ийениң айтқа-
нындай, фараонның жүреги қатал
болып, Муўса менен Харонды тың-
ламады. [23] Фараон артына бурылып,
сарайына қайтып кетти. Бул ўақыя
да оған тәсир етпеди. [24] Пүткил
мысырлылар ишетуғын суў табыў
ушын, дәрья бойын қазыўға кирис-
ти. Өйткени олар дәрьяның суўын
ише алмайтуғын еди.
[25] Жаратқан Ийе Нил дәрьясы-
ның суўын қанға айландырғаннан
кейин, арадан жети күн өтти.

### Екинши жаза: қурбақалар

**8** [1] Жаратқан Ийе Муўсаға бы-
лай деди:
– Фараонға барып, Мениң мына
сөзлеримди жеткиз: «Жаратқан
Ийе былай дейди: Маған сыйыны-
ўы ушын, халқымды жибер. [2] Егер
халқымды жибериўден ўаз кешсең,
пүткил елиңди қурбақаларға тол-
тырып, жазалайман. [3] Нил дәрьясы
қурбақаларға толып тасып кете-
ди. Қурбақалар дәрьядан шығып,
сарайыңа, уйықлайтуғын бөлмеңе,
төсегиңе, хызметкерлериңниң ҳәм
халқыңның үйлерине, ҳәтте, тан-
дырларың менен қамыр табақла-
рыңа да кирип алады. [4] Олар сениң,
халқыңның ҳәм пүткил хызметши-
лериңниң үстинде секирип жүреди».
[5] Соңынан Жаратқан Ийе Муў-
саға:
– Харонға айт, ол қолындағы тая-
ғын дәрьялар, өзеклер ҳәм көллерге
қарай созып, қурбақаларды шығар-
сын ҳәм Мысырды қурбақаларға
толтырсын, – деди.
[6] Солай етип, Харон қолындағы
таяғын Мысырдағы суўларға қарай
созды. Сонда қурбақалар шығып,
Мысырды жайлап кетти. [7] Деген
менен, сыйқыршылар да өз сый-
қыршылығы менен анық усылай
ислеп, Мысыр елине қурбақалар-
ды шығарды.
[8] Фараон Муўса менен Харонды
шақыртып алып:
– Жаратқан Ийеге дуўа етиңлер,
Ол меннен ҳәм халқымнан қурба-
қаларды алып тасласын. Сонда мен
де Жаратқан Ийеге қурбанлық бе-
риўи ушын, халқыңызды жибере-
мен, – деди.
[9] Муўса оған:
– Әжеп болады, ўақытты өзи-
ңиз белгилең. Қурбақалар тек
Нил дәрьясында қалып, өзиңиз
де, үйиңиз де қурбақалардан қуты-
лыўыңыз ушын, мен сиз, хызмет-
керлериңиз ҳәм халқыңыз ушын
қашан дуўа етейин? – деди.
[10] Фараон Муўсаға:
– Ертең, – деди.
Муўса оған былай деп жуўап берди:
– Яқшы, айтқаныңыздай бол-
сын. Усылайынша, сиз Қудайымыз

Жаратқан Ийеге тең келетуғыны
жоқ екенин билип аласыз. 11 Қурба-
қалар сизден, үйлериңизден, хыз-
меткерлериңиз бенен халқыңыздан
кетип, тек дәрьяда ғана қалады.
12 Солай етип, Муўса менен Ха-
рон фараонның алдынан кет-
ти. Муўса Жаратқан Ийеге дуўа
етип, Оның фараонға жиберген
қурбақа бәлеси ушын жалбарын-
ды. 13 Жаратқан Ийе Муўсаның
тилегин орынлады: үйлерде-
ги, ҳәўлилердеги ҳәм атызларда-
ғы қурбақалар қырылып қалды.
14 Қурбақаларды жыйнап, үйин-
үйин етип қойды. Сасық ийис ел-
ди жайлап кетти. 15 Деген менен,
фараон жағдайдың жеңиллеске-
нин көргенде, Жаратқан Ийениң
айтқанындай жүрегин қатал етип,
Муўса менен Харонды тыңламады.

### Үшинши жаза: ширкейлер

16 Жаратқан Ийе Муўсаға:
– Харонға айт, ол таяғы менен
жерди урсын. Сонда жердиң шаңы
ширкейге айланып, пүткил Мы-
сырды қаплайды, – деди.
17 Олар солай иследи. Харон
таяғы менен жердиң шаңын урып
жибергенде, пүткил Мысыр же-
риндеги шаң ширкейге айланды.
Адамлар менен маллардың үстин
ширкейлер басып кетти. 18 Сый-
қыршылар да өз сыйқыршылығы
менен ширкейлер пайда етпекши
болды, бирақ қолларынан келме-
ди. Адамлардың ҳәм маллардың
үстин ширкей қаплаған еди.
19 Сонда сыйқыршылар фараонға:
– Бул исте Қудайдың қолы бар, –
деди. Бирақ Жаратқан Ийениң айт-
қанындай, фараон жүрегин қатал
қылып, Муўса менен Харонды тың-
ламады.

### Төртинши жаза: ийтшыбынлар

20 Жаратқан Ийе Муўсаға бы-
лай деди:
– Таң азаннан тур да, фара-
он дәрьяға қарай баратырғанда,
оның алдынан шығып тур ҳәм оған
Жаратқан Ийениң, яғный Мениң
мына сөзлеримди жеткиз: «Ма-
ған сыйыныўы ушын, халқымды
жибер. 21 Егер жибермесең, сениң,
хызметшилериңниң, халқыңның
ҳәм үйлериңниң үстине ийтшы-
бын жаўдыраман. Мысырлылар-
дың үйлери ҳәм олар жасап атырған
жер ийтшыбынға толып кетеди.
22 Бирақ сол күни халқым жасайту-
ғын Гошен жерин айырып қояман.
Ол жерде ийтшыбын болмайды.
Усылай етип, сен Мысыр жеринде
Жаратқан Ийениң, яғный Мениң
бар екенимди билип аласаң. 23 Мен
Өз халқым менен сениң халқыңның
арасына айырмашылық қояман.
Ертең усы кәрамат әмелге асады».
24 Жаратқан Ийе айтқанын исле-
ди. Фараонның сарайына, хызмет-
керлериниң үйлерине ҳәм пүткил
Мысыр елине быжнаған ийтшы-
бынлар ушып келди. Ел ийтшы-
бынның кесиринен ўайран болды.
25 Сонда фараон Муўса менен Ха-
ронды шақыртып алып, оларға:
– Барыңлар, Қудайыңызға усы
елде қурбанлық бериңлер, – деди.
26 Бирақ Муўса оған былай деп
жуўап берди:
– Булай ислесек, туўры болмай-
ды. Өйткени мысырлылар Қудайы-
мыз Жаратқан Ийеге қурбанлық

бериўимизди жеркенишли деп санайды. Егер олар жеркенишли деп
санаған нәрсени көз алдында ислесек, олар бизлерди тас боран қылып өлтирмей ме?
27 Қудайымыз Жаратқан Ийеге қурбанлық бериў ушын, бизлер шөлде үш күнлик жол жүрип барыўымыз керек.
28 Сонда фараон:
– Шөлде Қудайыңыз Жаратқан Ийеге қурбанлық бериўиңиз ушын, сизлерди жиберемен. Тек жүдә узақлап кетпеңлер. Енди мен ушын дууа етиңлер, – деди.
29 Мууса оған:
– Ертең сизден, хызметкерлериңизден ҳәм халқыңыздан ийтшыбынлар кетсин деп, сизиң алдыңыздан шығыўдан-ақ, Жаратқан Ийеге дууа етемен. Тек сиз Жаратқан Ийеге қурбанлық бериў ушын халықты жибермей қалып, бизлерди және алдамаң, – деди.
30 Солай етип, Мууса фараонның алдынан шығып, Жаратқан
Ийеге дууа етти.
31 Жаратқан Ийе Муусаның тилегин орынлап, ийтшыбынларды фараоннан, оның хызметкерлеринен ҳәм халқынан алып таслады. Бирде бир ийтшыбын қалмады.
32 Солай болса да, фараон бул рет те жүрегин қатал қылып, халықты жибермеди.

### Бесинши жаза: маллардың қырылыўы

9
1 Жаратқан Ийе Муусаға былай деди:
– Фараонға барып, оған еврейлердиң Қудайы Жаратқан Ийениң, яғный Мениң мына сөзлеримди жеткиз: «Маған сыйыныўы ушын, халқымды жибер.
2 Егер жибериўден бас тартып, оларды иркип тура берсең,
3 онда Жаратқан Ийе, яғный Мен қолымды созып, даладағы малларыңа: атларыңа, ешеклериңе, түйелериңе, ири ҳәм майда малларыңа күшли иллет жиберемен.
4 Бирақ израиллылардың маллары менен мысырлылардың малларының арасына айырмашылық қояман. Израиллылардың малларының ҳеш бири өлмейди».
5 Жаратқан Ийе ўақытты да белгилеп, ертеңине Өзиниң айтқанларын Мысыр жеринде ислейтуғынын айтты.
6 Ертеңине Жаратқан Ийе айтқанын иследи: мысырлылардың барлық маллары қырылып қалды. Бирақ израиллылардың ҳеш бир малы өлмеди.
7 Фараон адам жиберип, израиллылардың бирде бир малының өлмегенин билди. Солай болса да, ол жүрегин қатал қылып, халықты жибермеди.

### Алтыншы жаза: шыйқанлар

8 Жаратқан Ийе Мууса менен Харонға былай деди:
– Пештен қосууыслап күл алыңлар, Мууса сол күлди фараонның көз алдында аспанға қарай шашып
жиберсин.
9 Күл шаңға айланып, пүткил Мысыр ели бойлап көтериледи. Елдиң ҳәмме жериндеги адамлардың ҳәм маллардың үстилерине ириңли шыйқанлар шығады.
10 Солай етип, Мууса менен Харон пештен күл алып, фараонның көз алдында турды. Мууса күлди аспанға қарай шашып жибергенде, адамларда ҳәм малларда ириңли шыйқанлар пайда болды.

[11] Сыйқыршылар да шыйқанның
кесиринен Муўсаның алдына келе
алмады. Себеби пүткил мысырлы-
лар менен бирге оларға да шыйқан
шыққан еди. [12] Бирақ Жаратқан
Ийе фараонның жүрегин қатал
қылды. Жаратқан Ийениң Муў-
саға айтқанындай, фараон Муўса
менен Харонды тыңламады.

### Жетинши жаза: буршақ

[13] Кейин Жаратқан Ийе Муўсаға
былай деди:
– Таң азанда фараонның қарсы
алдына шығып тур ҳәм оған еврей-
лердиң Қудайы Жаратқан Ийениң,
яғный Мениң мына сөзлеримди
жеткиз: «Маған сыйыныўы ушын,
халқымды жибер. [14] Болмаса, бул
рет сениң өзиңе, хызметкерлериң-
ниң ҳәм халқыңның үстине барлық
бәлелеримди жаўдыраман. Солай
етип, сен бул дүньяда Маған тең
келетуғыны жоқ екенин билип
аласаң. [15] Өйткени Мен қолымды
көтерип, сени ҳәм халқыңды ил-
летке дуўшар қылсам, жер жүзи-
нен жоқ болып кеткен болар едиң.
[16] Бирақ Өз қүдиретимди саған көр-
сетиў ушын ҳәм атымды пүткил
дүньяға жайыў ушын, Мен сени ти-
ри сақладым. [17] Сен еле де халқыма
қарсылық көрсетип, оларды жи-
бермей атырсаң. [18] Сонлықтан ер-
тең усындай ўақытта Мысыр пайда
болғаннан баслап, ҳәзирге дейин
ҳеш қашан болып көрмеген күшли
буршақ жаўдыраман. [19] Енди мал-
ларыңды ҳәм далада болған ҳәмме
нәрсеңди пана жерлерге жыйнаў-
ды буйыр. Буршақ жаўғанда ишке
киргизилмей далада қалған барлық
адамлар ҳәм маллар өледи».

[20] Фараонның хызметкерлери
арасында Жаратқан Ийениң айт-
қан сөзинен қорққанлар қулларын
ҳәм малларын тезлик пенен үйле-
рине алып келди. [21] Ал Жаратқан
Ийениң айтқан сөзин писент ет-
пегенлер қулларын ҳәм малларын
далада қалдырды.
[22] Сонда Жаратқан Ийе Муўсаға:
– Қолыңды аспанға қарай соз.
Сонда Мысырдың ҳәмме жерине,
адамлардың, маллардың ҳәм да-
ладағы барлық өсимликлердиң
үстине буршақ жаўады, – деди.
[23] Муўса таяғын аспанға қарай соз-
ғанда, Жаратқан Ийе гүлдирмама
ҳәм буршақ жиберди ҳәм жерге жа-
сын түсти. Солай етип, Жаратқан
Ийе Мысырға буршақ жаўдырды.
[24] Усылайынша, күшли буршақ қу-
йып, үзликсиз жарқыраған шақ-
мақ шағып турды. Мысыр Мысыр
болғалы, бундай буршақ жаўып
көрмеген еди. [25] Буршақ Мысыр-
да далада болғанның ҳәммесин:
адамларды, малларды ҳәм пүткил
өсимликлерди набыт қылып, бар-
лық тереклерди сындырды. [26] Тек
израиллылар жасаған Гошен же-
рине буршақ жаўмады.
[27] Соңынан фараон Муўса менен
Харонды шақыртып алып, оларға
былай деди:
– Бул рет мен айып иследим.
Жаратқан Ийе ҳақ, ал мен ҳәм ме-
ниң халқым наҳақпыз. [28] Жаратқан
Ийеге дуўа етиңлер. Гүлдирмама
менен буршақтың усы жаўғаны да
жетер. Мен сизлерди жиберемен,
артық услап турмайман.
[29] Муўса оған былай деди:
– Қаладан шыға сала, қолларым-
ды жайып, Жаратқан Ийеге дуўа

етемен. Сонда гүлдирмама тоқ-
тап, буршақ та жаўмайтуғын бола-
ды. Бул арқалы сиз бул дүньяның
Жаратқан Ийеге тийисли екенин
билип аласыз. 30 Бирақ мен сизиң
ҳәм хызметкерлериңиздиң Қудай
Ийеден еле де қорқпай атырғаны-
ңызды билемен.
31 Солай етип, зығыр ҳәм арпа
набыт болған еди. Себеби сол ўа-
қытта арпа масақ байлап, зығыр
гүллеп қалған еди. 32 Бирақ бий-
дайдың түрлери кеш писетуғын
болғанлықтан, зыян көрмеди.
33 Муўса фараонның алдынан ке-
тип, қаладан шықты. Ол қолла-
рын жайып, Жаратқан Ийеге дуўа
еткенде, гүлдирмама ҳәм буршақ
тоқтап, жаўын тынды. 34 Фараон
жаўынның, буршақтың ҳәм гүлдир-
маманың тоқтағанын көргенде, жә-
не гүна ислеўин даўам етти. Оның
өзи де, хызметкерлери де жүрек-
лерин қатал қылды. 35 Жаратқан
Ийениң Муўса арқалы айтқанын-
дай, фараон жүрегин қатал қылып,
израиллыларды жибермеди.

### Сегизинши жаза: шегирткелер

**10** 1 Жаратқан Ийе Муўсаға
былай деди:
– Фараонға бар. Олардың арасын-
да кәраматлы белгилеримди көр-
сетиў ушын, Мен фараонның ҳәм
оның хызметкерлериниң жүрегин
қатал қылып қойдым. 2 Ал сизлер
болсаңыз, Мениң Жаратқан Ийе
екенимди билип алыўыңыз ушын,
мысырлыларды қалай масқара ет-
кеним ҳәм олардың арасында көр-
сеткен кәраматларым ҳаққында
балаларыңа ҳәм балаларыңның
балаларына айтып бериң.
3 Муўса менен Харон фараонға
барып, оған былай деди:
– Еврейлердиң Қудайы Жаратқан
Ийе былай дейди: «Қашанға дейин
Маған бас иймейжақсаң? Маған
сыйыныўы ушын, халқымды жи-
бер. 4 Халқымды жибериўден бас
тартсаң, ертең елиңе шегиртке-
лерди жиберемен. 5 Олардың жер
бетин қаплайтуғыны соншелли,
жер бети көринбей қалады. Олар
буршақтан аман қалған өнимле-
риңизди ҳәм даладағы барлық
тереклериңиздиң қалған жапы-
рақларын жеп қояды. 6 Сениң үй-
лериң, барлық хызметкерлериңниң
ҳәм пүткил мысырлылардың үйле-
ри шегирткеге толып кетеди. Ата-
бабаларың усы жерге қоныс басқан
күннен бүгинге дейин, ҳеш қашан
бундай нәрсени көрген емес». Ке-
йин Муўса бурылып, фараонның
қасынан шығып кетти.
7 Сонда хызметкерлери фараонға:
– Бул адам қашанға дейин бизлер-
ди қыйнайды? Оларды жибериң.
Барып, Қудайы Жаратқан Ийеге
сыйынсын. Мысырдың набыт бо-
лып атырғанын еле түсинбей атыр-
сыз ба? – деди.
8 Солай етип, олар Муўса менен
Харонды фараонның алдына және
шақыртып алды. Фараон оларға:
– Барыңлар, Қудайыңыз
Жаратқан Ийеге сыйыныңлар. Би-
рақ, кимлер баражақ? – деди.
9 Муўса оған:
– Бизлер жас ҳәм ғаррымыз, ул-
ларымыз, қызларымыз, майда ҳәм
ири малларымыз, ҳәммемиз бирге
кетемиз. Өйткени Жаратқан Ийе-
ге арнап байрам қылыўымыз ке-
рек, – деди.

[10] Фараон оларға:
– Аўа, сизлерге Жаратқан Ийе яр
болсын деп, бала-шағаларыңыз бе-
нен бирге жиберейин бе? Әне, ни-
йетиңиз қара екени көринип тур!
[11] Бул болмайды. Тек ер адамлар
кетип, Жаратқан Ийеге сыйын-
сын. Сизлердиң сорағаныңыз да
сол емес пе? – деди.
Соң Муўса менен Харон фараон-
ның алдынан қуўып шығарылды.
[12] Сонда Жаратқан Ийе Муўсаға:
– Қолыңды Мысыр елине қарай
соз. Елди шегиртке қапласын ҳәм
буршақтан аман қалған барлық
өсимликлерди жеп қойсын, – деди.
[13] Солай етип, Муўса таяғын Мы-
сыр елине қарай созды. Жаратқан
Ийе сол күни күндиз-түни удайына
елде шығыс самалын естирди. Азан
болғанда, шығыс самалы шегирт-
келерди алып келди. [14] Шегиртке-
лер Мысырға ҳүжим жасап, оның
ҳәмме жерин жайлап кетти. Олар-
дың көп болғаны соншелли, бундай
есап-сансыз шегиртке бурын бол-
маған да, буннан былай болмайды
да. [15] Шегирткелер жер бетин ба-
сып кеткенликтен, жер қап-қара
болып қалды. Олар барлық өсим-
ликлерди, буршақтан аман қалған
тереклердеги мийўелердиң ҳәмме-
син жеп қойды. Мысырдың ҳеш
бир жеринде, я тереклерде болып,
я даладағы өсимликлерде болып,
жасыл жапырақ қалмады.
[16] Фараон тезлик пенен Муўса ме-
нен Харонды шақыртты да, оларға
былай деди:
– Мен Қудайыңыз Жаратқан Ийе-
ге ҳәм сизлерге қарсы гүна исле-
дим. [17] Өтинемен, және бир мәртебе
гүнамды кеширип, Қудайыңыз
Жаратқан Ийеге дуўа етиңлер. Ол
мени бул өлим әкелетуғын апат-
тан қутқарсын.
[18] Муўса фараонның алдынан
шығып, Жаратқан Ийеге дуўа етти.
[19] Сонда Жаратқан Ийе самалдың
бағытын өзгертип, батыс жақтан
күшли самал естирди. Самал ше-
гирткелерди көтерип апарып, Қы-
зыл теңизге төкти. Пүткил Мысыр
елинде бирде бир шегиртке қалма-
ды. [20] Деген менен, Жаратқан Ийе
фараонның жүрегин қатал етип
қойғанлықтан, ол израиллылар-
ды жибермеди.

**Тоғызыншы жаза: қара түнек**

[21] Буннан соң, Жаратқан Ийе
Муўсаға:
– Қолыңды аспанға қарай соз,
Мысыр елин тас түнек қараңғылық
қаплайды, – деди. [22] Муўса қолын
аспанға қарай созғанда, Мысыр-
ды үш күн бойы қойыў қараңғы-
лық қаплады. [23] Үш күн даўамында
адамлар бир-биреўин көре алмай
қалып, ҳеш ким орнынан қозғала
алмады. Бирақ израиллылар жаса-
ған жер ғана жақты болды.
[24] Сонда фараон Муўсаны ша-
қыртып алып, оған:
– Барыңлар, Жаратқан Ийеге сы-
йыныңлар. Бала-шағаңыз сизлер
менен кете берсин. Тек майда ҳәм
ири малларыңыз қалсын, – деди.
[25] Деген менен, Муўса оған бы-
лай деди:
– Болмайды! Малларымызды да
алып кетиўимизге рухсат бери-
ўиңиз керек. Себеби Қудайымыз
Жаратқан Ийеге жандырылатуғын
қурбанлықлар ҳәм басқа қурбан-
лықлар беремиз. [26] Малларымызды

да бирге алып кетемиз. Бул жерде
бирде бир туяқ қалмаўы тийис. Се-
беби Қудайымыз Жаратқан Ийеге
сыйыныўымыз ушын, шалынату-
ғын малды олардың ишинен ала-
мыз. Ол жерге барғанымызша,
Жаратқан Ийеге қайсы малларды
бериўимиз кереклигин билмеймиз.
27 Бирақ Жаратқан Ийе фараон-
ның жүрегин қатал қылып қой-
ғанлықтан, ол израиллыларды
жибергиси келмеди. 28 Фараон
Муўсаға:
– Қаранды батыр. Енди қайтып
көзиме көринбе. Көзиме көринген
күни-ақ, өлесең, – деди.
29 Муўса оған:
– Айтқаныңыздай болсын. Ен-
ди қайтып, көзиңизге көринбей-
мен, – деди.

### Оныншы жаза: туңғышлардың өлтирилиўи

11 1 Жаратқан Ийе Муўсаға
былай деди:
– Фараонның басына ҳәм Мысыр
елине және бир бәле жаўдыраман.
Соннан кейин, ол кетиўиңизге рух-
сат етеди, ҳәтте, сизлерди бул жер-
ден пүткиллей қуўып шығарады.
2 Сен израиллыларға айт, ҳәр бир
ер адам ҳәм ҳәр бир ҳаял қоңсысы-
нан гүмис ҳәм алтын буйымларды
сорап алсын.
3 Жаратқан Ийе Израил хал-
қын мысырлыларға унамлы етип
көрсетти. Муўса да Мысырда фа-
раонның хызметкерлериниң ҳәм
халқының алдында мәртебели еди.
4 Солай етип, Муўса фараонға:
– Жаратқан Ийе былай дейди:
«Түнниң ярымында Мысырды ара-
лап өтемен. 5 Сонда Мысырдағы
ҳәмме туңғыш уллар: тахтында
отырған фараонның баласынан,
дигирман тартатуғын шоры ҳа-
ялдың баласына дейин, сондай-ақ
барлық маллардың туңғыш төл-
лери өледи. 6 Пүткил Мысыр ели
бурын болмаған ҳәм енди қайтып
болмайтуғын дад салып ўай-ўай-
ласқан даўысларға толып кетеди.
7 Ал израиллылардың ҳеш бир ада-
мына, я малына ҳеш қандай зыян
тиймейди. Усы арқалы сизлер Ме-
ниң, Жаратқан Ийениң израиллы-
лар менен мысырлылар арасына
қандай айырмашылық қойғаным-
ды билип аласыз». 8 Сонда мына
хызметкерлериңниң ҳәммеси ке-
лип, маған тәжим етип: «Сен де кет,
сениң изиңе ерген пүткил халық та
кетсин», – дейсизлер. Соннан соң,
мен кетемен, – деди. Муўса фара-
онның алдынан қатты қәҳәрленип
шығып кетти.
9 Кейин Жаратқан Ийе Муўсаға:
– Мысырда Мениң кәраматларым
көбейиўи ушын, фараон сизлерди
тыңламайды, – деди. 10 Солай етип,
Муўса менен Харон фараонның
алдында усы барлық кәраматлар-
ды иследи. Бирақ Жаратқан Ийе
фараонның жүрегин қатал қылып
қойғанлықтан, ол израиллыларды
өз жеринен жибермеди.

### Қутқарылыў асы

12 1 Жаратқан Ийе Мысыр
жеринде Муўса менен Ха-
ронға былай деди:
2 – Бул ай сизлер ушын биринши
ай, жылдың биринши айы бола-
ды. 3 Пүткил Израил жәмийети-
не айтыңлар: усы айдың онында
ҳәр бир хожалық басшысы өз

хожалығы ушын бир қой ямаса
ешки таңлап алсын. 4 Егер бир
хожалықтағы адамлар саны усы
жанлықтың гөшин жеп таўыса ал-
майтуғындай аз болса, онда оны
жақын қоңсысы менен бөлиссин.
Жанлықтың үлкен-кишилигине
қарап, оны қанша адамның жей
алатуғынын анықлаўыңыз керек.
5 Сизлер таңлап алған қой ямаса
ешки минсиз, бир жыллық ер-
кек жанлық болсын. 6 Жанлық-
ты усы айдың он төртине дейин
бағып, сол күни кеште Израил
жәмийетиниң ҳәр бир шаңарағы
өз жанлықларын сойыўы тийис.
7 Олар қанды алып, өзлери гөшти
жейтуғын үйлериниң қапысының
жақлаўларына ҳәм кесе ағашына
жақсын. 8 Сол күни кеште гөшти
отқа писирип, оны ашытқысыз
нан ҳәм ашшы шөплер менен же-
син. 9 Гөшти шийкилей ямаса суў-
ға писирип емес, ал бас-сыйрағы
ҳәм ишек-қарны менен бирге от-
қа писирип жеңлер. 10 Гөш азанға
дейин қалмаўы тийис. Егер оннан
аўысып қалса, оны отта өртеп жи-
бериңлер. 11 Сизлер гөшти жеп
атырған ўақтыңызда, беллериңиз
бууўылы, аяқ кийимиңиз кийиў-
ли, таяғыңыз қолыңызда болсын.
Гөшти тез жеңлер. Бул – Жаратқан
Ийеге арналған Қутқарылыў асы.
12 Мен сол түни Мысыр жеринен
өтемен. Ондағы адамлардың да,
маллардың да ҳәр бир туңғышын
өлтиремен ҳәм Мысырдың пүткил
қудайларын ҳүким етемен. Мен –
Жаратқан Ийемен. 13 Өзлериңиз
турған үйлердиң есигиниң жақ-
лаўларына жағылған қан сизлер
ушын нышан болады. Мен қанды
көрип, сизлерди шетлеп өтемен.
Мысыр елин жазалағанымда, на-
быт қылыўшы апат сизлерге ҳеш
қандай зыян тийгизбейди. 14 Бул
күн сизлер ушын еслеў күни бол-
сын. Оны Жаратқан Ийениң бай-
рамы сыпатында байрамлаңлар.
Бул байрамды байрамлаў келешек
әўладларыңыз ушын мәңги қағый-
да болып қалсын.

### Ашытқысыз нан байрамы

15 – Жети күн ашытқысыз нан
жеңлер. Биринши күни-ақ үйлери-
ңизден ашытқыны жоқ қылыңлар.
Ким де ким усы жети күн ишин-
де ашытқы салынған нан жесе, ол
Израил халқы арасынан жоқ қы-
лыныўы тийис. 16 Биринши ҳәм
жетинши күнлери мухаддес жый-
налысыңыз болсын. Сол күнлери
тек өзлериңиз ушын аўқат таярлаў-
дан тысқары, ҳеш қандай жумыс
ислемеңлер. 17 Солай етип, сиз-
лер Ашытқысыз нан байрамын
байрамлаңлар! Өйткени анық сол
күни Мен сизлерди топ-тобыңыз
бенен Мысыр жеринен алып шық-
тым. Келешек әўладларыңыз бул
күнди мәңги қағыйда сыпатында
байрамласын. 18 Биринши айдың
он төртинши күниниң кешинен
жигирма биринши күниниң кеши-
не дейин ашытқысыз нан жеңлер.
19 Сол жети күн даўамында үйлери-
ңизде ашытқы болмасын. Ким де
ким ашытқы салынған бир нәрсе
жесе, мейли ол келгинди болсын,
мейли жергиликли болсын, ол Из-
раил жәмийети арасынан жоқ қы-
лынады. 20 Ашытқы салынған ҳеш
нәрсе жемеңлер. Қай жерде жаса-
саңыз да, ашытқысыз нан жеңлер.

### Биринши Қутқарылыў асы

[21] Соннан кейин, Мууса Израилдың барлық ақсақалларын шақырып алып, оларға былай деди:
– Хожалығыңыз ушын қой ямаса ешки таңлап алып, оны Қутқарылыў асы ушын сойыңлар. [22] Соң,
бир баў майоран шөбин[a] алың да, оны қырмадағы қурбанлықтың қанына батырып, қанды қапыларыңыздың жақлаўларына ҳәм кесе ағашына жағыңлар. Азанға шекем ҳеш ким үйинен шықпасын.
[23] Жаратқан Ийе мысырлыларды өлтириў ушын елден өткенде, қапыларыңыздың жақлаўларындағы ҳәм кесе ағашындағы қанды көрип, үйлериңизди шетлеп өтеди. Ол набыт қылыўшының үйлериңизге кирип, сизлерди өлтириўине жол қоймайды. [24] Өзлериңиз де,
сизлердиң әўладларыңыз да буны мәңги қағыйда қылып орынлаңлар. [25] Жаратқан Ийе өзлериңизге
беремен деп ўәде еткен жерге киргениңизден кейин де, бул рәсимди өткизип барыңлар. [26] Балаларыңыз
сизлерден: «Бул рәсимниң мәниси қандай?» – деп сорағанда, [27] оларға: «Бул – Жаратқан Ийеге арналған Қутқарылыў байрамының асы. Себеби Жаратқан Ийе мысырлыларды өлтиргенде, үйлеримизди шетлеп өтип, бизлерди аман қалдырды», – деңлер.
Сонда халық тәжим етип, сыйынды. [28] Соңынан израиллылар
барып, Жаратқан Ийениң Мууса менен Харонға берген буйрығын толық орынлады.
[29] Түнниң ярымында Жаратқан Ийе тахтында отырған фараонның туңғыш баласынан, қамақта отырған тутқынның туңғыш баласына дейин, Мысыр елиндеги барлық туңғышларды ҳәм маллардың да туңғыш төллерин өлтирди. [30] Сол күни түн-
де фараон, оның хызметкерлери ҳәм пүткил Мысыр аяққа турды. Мысыр ели дад салып, ўай-ўайласқан даўысларға толып кетти. Өйткени өли болмаған бирде бир үй жоқ еди.

### Мысырдан шығыў

[31] Сол күни түнде-ақ фараон Мууса менен Харонды шақырып алып былай деди:
– Барыңлар! Сизлер де, израиллылар да халқымның арасынан шығып кетиңлер. Өзлериңиз айтқаныңыздай, Жаратқан Ийеге сыйыныңлар. [32] Сондай-ақ майда ҳәм
ири малларыңызды да алып кетиңлер. Ал маған пәтия бериңлер.
[33] Израиллылардың елден тезирек шығып кетиўи ушын, мысырлылар оларды асықтырды. «Болмаса, ҳәммемиз өлемиз», – дести олар. [34] Солай етип, израиллы-
лар еле ашымаған қамырларын табағы менен кийимлерине орады да, ийинлерине көтерип алды.
[35] Израиллылар Муўсаның айтқаны бойынша, мысырлылардан гүмис ҳәм алтын буйымлар менен кийимлер сорап алды. [36] Жаратқан
Ийе израиллыларды мысырлыларға унамлы қылып көрсеткенликтен, мысырлылар оларға сорағанын берди. Солай етип, израиллылар оларды тонап кетти.

---

[a] **12:22** *Майоран шөби* – бул назбайгүл шөбине туқымлас өсимлик.

37 Израиллылар Рамсестен Сук-
котқа қарай жол алды. Бала-шаға-
ларды есапламағанда, шама менен
алты жүз мыңдай ер адам пияда
жолға шықты. 38 Және де, көп сан-
лы басқа миллет адамлары, есап-
сансыз майда ҳәм ири маллар да
олар менен бирге кетти. 39 Халық
өзлери Мысырдан алып шыққан
ашымаған қамырдан нан писир-
ди. Себеби олар Мысырдан қу-
ўып шығарылғанлықтан, қамырды
ашытыўға да, жолға азық-аўқат
таярлаўға да үлгере алмаған еди.
40 Израиллылардың Мысырда
жасағанына төрт жүз отыз жыл
болған еди. 41 Төрт жүз отыз жыл-
дың соңғы күни, анық сол күни
Жаратқан Ийениң халқы топ-то-
бы менен Мысыр жеринен шықты.
42 Сол күни түнде Жаратқан Ийе
израиллыларды Мысыр жеринен
алып шығыў ушын сергек болды.
Израиллылар да әўладлар даўа-
мында сол түнди Жаратқан Ийе-
ге бағышлап, ояў болыўы тийис.

### Қутқарылыў асының қағыйдалары

43 Соннан кейин, Жаратқан Ийе
Муўса менен Харонға былай деди:
– Қутқарылыў асының қағый-
далары мынадай: ҳеш бир жат
жерли адам байрам асынан жеме-
син. 44 Бирақ сатып алған қулла-
рыңыз сүннет етилгеннен кейин,
оннан жесе болады. 45 Ўақытша
қоныс басқанлар ҳәм жалланған
жумысшылар оннан жемеўи ти-
йис. 46 Ас таярланған үйде же-
линсин. Жанлықтың гөши үйдиң
сыртына шығарылмасын ҳәм оның
ҳеш бир сүйеги сындырылмасын.
47 Пүткил Израил жәмийети Қут-
қарылыў байрамын байрамлаўы
тийис. 48 Араңызда жасап атырған
келгинди адам Маған, Жаратқан
Ийеге арналған Қутқарылыў бай-
рамын байрамлаўды қәлесе, онда
оның үйиндеги ҳәмме еркеклер
сүннет етилиўи керек. Соңынан ол
жергиликли халық турғыны сыпа-
тында Израил халқына қосылып,
байрамды байрамлай алады. Бирақ
сүннетсиз адам Қутқарылыў бай-
рамының гөшин жемесин. 49 Жер-
гиликли адам ушын да, араңызда
жасайтуғын келгинди адам ушын
да бир қағыйда қолланылады.
50 Израиллылар Жаратқан Ийе-
ниң Муўса менен Харонға берген
буйрығын толық орынлады. 51 Сол
күнниң өзинде Жаратқан Ийе из-
раиллыларды топ-тобы менен Мы-
сыр жеринен алып шықты.

### Туңғыш уллардың Қудайға бағышланыўы

13 1 Буннан соң, Жаратқан Ийе
Муўсаға былай деди:
2 – Барлық биринши туўылған-
ларды Маған бағышлаңлар. Изра-
ил ҳаялларының да, малларының
да қарыннан биринши шыққанла-
ры Меники, – деди.

### Туңғыш улларды Қудайға бағышлаў ҳәм ашытқысыз нан ҳаққында

3 Муўса халыққа былай деди:
– Мысырдан, өзлериңиз қул бол-
ған елден шыққан бүгинги күнди
есте сақлаңлар. Өйткени Жаратқан
Ийе қүдиретли қолы менен сизлер-
ди ол жерден алып шықты. Ашыт-
қы салынған ҳеш нәрсе жемеңлер.

4 Бүгин абиб айында бул жерден
шығып баратырсызлар. 5 Жаратқан
Ийе сизлерди қанан, хет, амор, хиў
ҳәм ебус халықларының жерлери-
не, ата-бабаларыңызға беремен деп
ант ишкен, сүт ҳәм пал ағып тур-
ған жерге апарғанда, усы айда мы-
на рәсимди өткизиңлер: 6 жети күн
ашытқысыз нан жеп, жетинши кү-
ни Жаратқан Ийеге арнап байрам
қылыңлар. 7 Сол жети күн ишинде
тек ашытқысыз нан жеңлер. Өзи-
ңизде де, жасап атырған пүткил
жериңизде де ашытқы салынған
нан ямаса ашытқы болмасын. 8 Сол
күни балаларыңызға: «Мысырдан
шыққанымызда, Жаратқан Ийе
бизлер ушын ислеген ислери себеп-
ли буларды ислеп атырмыз», – деп
түсиндириңлер. 9 Бул рәсим қолы-
ңызда бир белги, маңлайыңыз-
да сақланатуғын яднама болсын.
Усылайынша, Жаратқан Ийениң
нызамы аўзыңызда болсын. Себе-
би Жаратқан Ийе сизлерди күшли
қолы менен Мысырдан алып шық-
ты. 10 Сизлер де ҳәр жылы бел-
гиленген ўақытта бул қағыйданы
орынлаңлар.

11 Жаратқан Ийе сизлерге ҳәм
ата-бабаларыңызға ант ишкенин-
дей, сизлерди Қанан жерине апа-
рып, сизлерге сол жерди бергенде,
12 қарыннан биринши шыққан-
лардың ҳәммесин Жаратқан Ийе-
ге бағышлаңлар. Малларыңыздың
биринши туўылған барлық еркек
төллери Жаратқан Ийеге тийис-
ли. 13 Ешектиң ҳәр бир биринши
туўылған төлиниң орнына бир
қозы берип, сатып алыңлар. Егер
олай етпесеңиз, гүррениң мой-
нын сындырың. Барлық туңғыш
улларыңыздың қунын өтеўиңиз
тийис.

14 Келешекте улларыңыз сизлер-
ден: «Буның мәниси қандай?» – деп
сораса, оларға былай деп жуўап бе-
риңлер: «Жаратқан Ийе бизлерди
қудиретли қолы менен Мысыр-
дан, бизлер қул болған елден алып
шықты. 15 Фараон бизлерди жи-
бермей, қайсарлық көрсеткенде,
Жаратқан Ийе Мысырда адам-
лардың ҳәм маллардың барлық
туңғышларын өлтирди. Сонлық-
тан маллардың туңғыш төллерин
Жаратқан Ийеге қурбанлыққа бе-
ремиз, ал туңғыш улларымыз ушын
қун төлеймиз». 16 Бул рәсим қолы-
ңызда бир белги, есиңизде сақла-
натуғын яднама болсын. Себеби
Жаратқан Ийе сизлерди қудирет-
ли қолы менен Мысырдан алып
шықты.

## Жаратқан Ийениң Өз халқына жол көрсетип барыўы

17 Фараон израиллыларды жибер-
генде, Қудай: халық урысқа дуўшар
болатуғынын билгенде өкинип,
Мысырға қайтып кетпесин, деп
филист халқының жери арқалы
өтетуғын жол қысқарақ болса да,
оларды ол жер арқалы алып жүрме-
ди. 18 Қудай халықты Қызыл теңиз-
ге шөл жолы менен айландырып
апарды. Израиллылар Мысырдан
қарыў-жарақ пенен шыққан еди.
19 Муўса Юсуптиң сүйеклерин де
өзи менен бирге алып шыққан еди.
Өйткени Юсуп израиллыларға ант
иштирип: «Қудай сизлерге сөзсиз
нәзер салады. Сонда сүйеклеримди
бул жерден алып кетиңлер», – деп
нәсиятлап кеткен еди.

20 Израиллылар Суккоттан шы-
ғып, шөл шетиндеги Этамға ор-
наласты. 21 Олардың күни-түни
жол жүриўи ушын, Жаратқан Ийе
күндиз минара сыяқлы булт бо-
лып жол көрсетип, түнде минара
сыяқлы от болып жолларына жа-
рық түсирип, оларды баслап жүрди.
22 Күндиз булт, түнде от халықтың
алдынан бир дем де узақламады.

14 1 Соңынан Жаратқан Ийе
Муўсаға былай деди:
2 – Израиллыларға айт, олар изге
қайтып, Пий-Ҳахироттың қасына,
Мигдол менен теңиз арасына, Баал-
Сефонның қарсысындағы теңиз
жағасына орналассын. 3 Сонда фа-
раон: «Израиллылар ел гезип, ада-
сып кетти, олар шөл қоршаўында
қалды», – деп ойлайды. 4 Мен фара-
онның жүрегин қатал қыламан ҳәм
ол израиллылардың изинен қуўа-
ды. Солай етип, Мен фараонды ҳәм
оның пүткил әскерлерин жеңип, Өз
салтанатымды көрсетемен. Сонда
мысырлылар Мениң Жаратқан Ийе
екенимди билип алады.
Израиллылар айтылғанды ис-
леди. 5 «Израил халқы қашып
кетипти», – деген хабар Мысыр
патшасына жеткенде, ол ҳәм оның
хызметкерлери израиллылар туў-
ралы көз қарасларын өзгертип:
«Бизлер не ислеп қойдық? Изра-
иллыларды жиберемиз деп, қулла-
рымыздан айырылдық-ғо!» – дести.
6 Фараон өзиниң саўаш арбасын
жектирип, ләшкерлерин таярла-
ды. 7 Ол алты жүз сайланды саўаш
арбасын, Мысырдың басқа бар-
лық саўаш арбаларын ҳәм олар-
дың басшыларын жанына алды.
8 Жаратқан Ийе Мысыр патшасы
фараонның жүрегин қатал қылып
қойды. Ол нық қәдем атып бара-
тырған израиллылардың изинен
қуўып кетти. 9 Мысырлылар фа-
раонның пүткил әскерлери, атлар-
ға жегилген саўаш арбалары ҳәм
оның үстиндеги әскерлери менен
израиллылардың изине түсип, те-
ңиз жағасына, Пий-Ҳахирот жақы-
нына, Баал-Сефонның қарсысына
ордасын қурған израиллыларға
жетип алды.
10 Фараон жақынласып қалды.
Израиллылар артына бурылып
қараса, мысырлылардың излери-
нен қуўып киятырғанын көрди.
Сонда олардың зәррелери ушып,
Жаратқан Ийеге пәрияд етти.
11 Олар Муўсаға былай деди:
– Мысырда қәбир жоқтай, биз-
лерди шөлде өлиўге алып келдиң
бе? Мысырдан алып шығып, биз-
лерге не қылғаның? 12 Мысырда
болғанымызда, саған: «Бизлерди
тынышымызға қой, мысырлыларға
хызмет ете берейик», – деген жоқ
па едик? Шөлде өлгеннен гөре, мы-
сырлыларға қул болғанымыз жақ-
сырақ еди-ғо!
13 Бирақ Муўса оларға:
– Қорқпаңлар! Орныңызда беккем
турып, Жаратқан Ийениң бүгин
сизлерди қалай қутқаратуғынын
көриңлер. Бүгин өзлериңиз көрип
турған мысырлыларды енди ҳеш
қашан көрмейсизлер. 14 Жаратқан
Ийе сизлер ушын урысады. Ал сиз-
лер тыныш турсаңыз болды, – деди.
15 Сонда Жаратқан Ийе Муўсаға
былай деди:
– Неге Маған пәрияд етип атыр-
саң? Израиллыларға айт, алға

қарай жылжый берсин. 16 Ал сен
таяғыңды көтерип, оны теңиздиң
үстине қарай соз да, суўды қақ
айыр. Сонда израиллылар теңиз-
диң ишинен қурғақ жер арқалы
жүрип өтеди. 17 Мен мысырлылар-
дың жүрегин қатал қыламан. Олар
израиллылардың изинен қуўады.
Мен фараонды, оның барлық әскер-
лерин, саўаш арбаларын ҳәм оның
үстиндеги әскерлерин жеңип, Өз
салтанатымды көрсетемен. 18 Фа-
раон, оның саўаш арбалары ҳәм
оның үстиндеги әскерлери себеп-
ли салтанатқа ерискенимде, мы-
сырлылар Мениң Жаратқан Ийе
екенимди билип алады.

19 Израил ордасының алдында
баратырған Қудайдың периштеси
орнын өзгертип, артқа өтти. Ха-
лықтың алдындағы минара сыяқ-
лы булт та орнын өзгертип, артқа,
20 Мысыр әскерлериниң ҳәм Из-
раил халқының ортасына барып
турды. Булт мысырлылар тәрепте
қараңғылық орнатып, израиллы-
лар тәрепти жақты қылып турды.
Сол себептен түн бойы еки тәреп
бир-бирине жақынласа алмады.

21 Муўса қолын теңиздиң үстине
қарай созды. Жаратқан Ийе пүт-
кил түн бойы шығыстан күшли
самал естирип, теңиз суўын изге
ийтерди ҳәм теңизди қурғақ жер-
ге айландырды. Суў екиге бөлин-
ди. 22 Израиллылар қурғақ жерди
басып, теңиздиң ортасынан өт-
ти. Теңиз суўы оң ҳәм шеп тәрепте
оларға дийўал болып турды. 23 Ал
мысырлылар олардың изинен қуў-
ды, фараонның барлық атлары, са-
ўаш арбалары ҳәм оның үстиндеги
әскерлери теңиздиң ишине кирип
кетти. 24 Таң атарда Жаратқан Ийе
минара сыяқлы от ҳәм булт иши-
нен Мысыр ордасына нәзерин тас-
лап, оларды албыратып таслады.
25 Қудай олардың саўаш арбала-
рының дөңгелеклерин шығарып
таслағанда, олар зорға қозғалды.
Сонда мысырлылар: «Израиллы-
лардан қашайық. Өйткени олар
ушын Жаратқан Ийениң Өзи биз-
лерге қарсы урысып атыр», – дести.

26 Кейин Жаратқан Ийе Муўсаға:

– Қолыңды теңиздиң үстине қа-
рай соз. Суўлар мысырлыларды,
олардың саўаш арбаларын ҳәм
оның үстиндеги әскерлерин ба-
сып кетсин, – деди. 27 Солай етип,
Муўса қолын теңиздиң үстине қа-
рай созды ҳәм таңға жақын теңиз
өз ҳалына қайтты. Сонда қашып
атырған мысырлылар суўға дуўшар
болып, Жаратқан Ийе оларды те-
ңиздиң ишине батырып жиберди.
28 Өз ҳалына қайтқан суў саўаш ар-
баларды, оның үстиндеги әскерлер-
ди, яғный израиллылардың изинен
теңизге түскен фараонның пүткил
әскерлерин жутып кетти. Олардан
бирде бир адам аман қалмады.

29 Ал израиллылар болса, теңиз-
диң ишинен қурғақ жер арқалы
жүрип өткен еди. Суўлар оң ҳәм
шеп тәрепте турып, оларға дийўал
болған еди. 30 Жаратқан Ийе сол
күни израиллыларды мысырлы-
лардың қолынан қутқарды. Изра-
иллылар мысырлылардың теңиз
жағасында өлип жатырғанын көр-
ди. 31 Жаратқан Ийениң мысырлы-
ларға көрсеткен уллы қудиретин
көрген Израил халқы Жаратқан
Ийеден қорқып, Оған ҳәм Оның
қулы Муўсаға исенди.

### Қутқарылыў жыры

15 [1] Соннан соң, Муўса ҳәм из-
раиллылар Жаратқан Ийе-
ге мына жырды айтты:

«Жырлайман Жаратқан Ийени,
Себеби еристи Ол салтанатлы
жеңиске,
Атларды да, саўаш
арбадағыларды да
ылақтырды теңизге.

2 Жаратқан Ийе күш-қүдиретим
мениң,
Қутқарыўға келди Ол мени,
Ол мениң Қудайым.
Алғыслар айтаман Оған,
Ол мениң әкемниң Қудайы,
Уллылайман Оны мен.
3 Жаратқан Ийе жаўынгердур,
Аты Оның – Жаратқан Ийе.
4 Ол фараонның саўаш арбаларын,
Ҳәм ләшкерлерин атты теңизге.
Ғарқ болды Қызыл теңизге,
Оның сайланды
ләшкербасылары да.
5 Терең суўлар қаплады оларды,
Батып кетти тас сыяқлы
туңғыйыққа.

6 Сениң оң қолың, Жаратқан Ийе,
Қүдиретли күшке ийедур.
Сениң оң қолың, Жаратқан Ийе,
Тас-талқан етер душпанды.
7 Әжайып уллылығың менен,
Саған қарсы шыққанларды,
Жер менен жексен қыласаң,
Жибересең оларға ғәзебиңди,
Сабан сыяқлы күйдирип, күл
қыласаң оларды.
8 Мурныңның деминен,
Жыйналды суўлар бир жерге.
Дийўал сыяқлы болып
толқынлар,
Теңиз қойнында қатып қалды.
9 Сонда душпан былай деди:
„Услайман оларды изинен
қуўып,
Олжаны бөлемен кеўлимди тоқ
қылып,
Қыраман оларды қылышымды
жалаңашлап“.
10 Демиң менен үплеп едиң,
Қаплады теңиз оларды.
Қорғасындай батты уллы
суўларға.

11 Жаратқан Ийе, қудайлар
арасында Саған уқсағаны
бар ма?
Сен сыяқлы мухаддесликте
уллы, айбаты менен
алғысқа ылайық болған,
Кәраматлар жаратыўшы бар ма?
12 Созып едиң оң қолыңды,
Жутып кетти жер оларды.

13 Өзиң қутқарған халқыңды,
Жетеледиң сүйиспеншилигиң
менен,
Алып бардың қүдиретиң менен
мухаддес мәканыңа.
14 Қалтырасар еситип миллетлер,
Қорқыныш бийледи Филистия
халқын.
15 Ҳүрейлери ушады Эдом
бийлериниң,
Дирилди басар Моаб
көсемлерин,
Пүткил Қанан турғынларының
руўхы түсти.
16 Жүреги суўлар ҳәм қорқыў басар
оларды,
Сениң халқың өтип кеткенше,
Жаратқан Ийе,

Сен ийелик еткен халық өтип
кеткенше,
Билегиңниң күши алдында тас
болып тилсиз қатып қалар.
17 Жаратқан Ийе! Апарасаң
халқыңды Өз таўыңа,
Жайластырасаң Өзиң мəкан
қылып алған жерге,
Қолларың менен қурған
мухаддес мəканға, Ийе!
18 Ҳүкимдарлық қылар шексиз ҳəм
мəңгиге Жаратқан Ийе».

### Мəриямның жыры

19 Фараонның атлары, саўаш ар-
балары ҳəм оның үстиндеги əс-
керлери теңиз ишине киргенде,
Жаратқан Ийе суўларды олардың
үстине қайтарып əкелди. Ал изра-
иллылар теңиздиң ишинен қурғақ
жер арқалы жүрип өтти.
20 Харонның əжапасы пайғамбар
Мəрийам қолына дəп алды. Басқа
барлық ҳаяллар да дəп алып, ойна-
ўы менен оның изине ерди. 21 Мə-
риям нақыратты қайталап былай
деп жырлады:

«Жырлаң Жаратқан Ийени,
Себеби еристи Ол салтанатлы
жеңиске.
Атларды да, атлыларды да
ылақтырды теңизге».

### Ашшы суў

22 Муўса израиллыларды Қызыл
теңизден баслап шыққаннан соң,
олар Шур шөлине барды ҳəм шөлде
үш күн жүрсе де, суў таба алмады.
23 Соңынан олар Мара деген жерге
барды. Бирақ Мараның суўы аш-
шы болғанлықтан, олар ише алма-
ды. Сонлықтан сол жер Мара[a] деп
аталды. 24 Сонда халық Муўсаға:
«Не ишемиз?» – деп наразы болып,
тоңқылдай баслады.
25 Муўса Жаратқан Ийеге жал-
барынды. Жаратқан Ийе оған бир
ағашты көрсетти. Муўса оны суўға
ылақтырып жибергенде, суў душ-
шы болып қалды.
Сол жерде Жаратқан Ийе халық
ушын қағыйда ҳəм нызам берди
ҳəм оларды сынады. 26 Жаратқан
Ийе оларға былай деди:
– Егер сизлер Қудайыңыз
Жаратқан Ийениң, яғный Мениң
сөзимди дыққат пенен тыңлап, нəзе-
римде туўры болған ислерди исле-
сеңлер, буйрықларыма қулақ асып,
ҳəмме қағыйдаларымды орынла-
саңлар, мысырлыларға берген ке-
селликтиң ҳеш бирин сизлерге
бермеймен. Себеби Мен – сизлер-
ге шыпа бериўши Жаратқан Ийемен.
27 Соннан кейин, олар Элимге
келди. Сол жерде он еки булақ ҳəм
жетпис пальма ағашы бар еди. Со-
лай етип, олар суў жағасына ор-
наласты.

### Манна ҳəм бөденелер

16 1 Израил халқының пүткил
жəмийети Элимнен шық-
ты. Олар Мысырдан шыққанынан
кейинги екинши айдың он бесин-
ши күни Элим ҳəм Синай арасын-
да жайласқан Син шөлине келди.
2 Шөлде ҳəммеси Муўса менен Ха-
ронға наразы болып, 3 оларға бы-
лай деп тоңқылдады:

---

a **15:23** *Мара* – «ашшы» дегенди билдиреди.

– Қәнекей, Мысырда-ақ Жаратқан Ийениң қолынан өлип қоя қойғанда болар еди. Ҳеш болмаса, ол жерде гөш салынған қазанлардың қасында отырып, тойғанымызша нан жер едик. Бирақ сизлер пүткил халықты ашлықтан өлтириў ушын, бизлерди усы шөлге алып келдиңиз.

4 Сонда Жаратқан Ийе Муўсаға былай деди:

– Мине, Мен сизлерге аспаннан нан жаўдыраман. Халық ҳәр күни шығып, бир күнлик нанын жыйнап алсын. Усылайынша Мен оларды сынап, олардың Мениң көрсетпелерим бойынша жасайтуғынын ямаса жасамайтуғынын көрежақпан.
5 Ал алтыншы күни[a] олар ҳәр күни жыйнағанынан еки есе артық қылып топлап, таярлап қойсын.

6 Муўса менен Харон пүткил израиллыларға былай деди:

– Сизлерди Мысырдан Жаратқан Ийениң Өзи алып шыққанын бүгин кеште билип аласызлар.
7 Ал ертең азанда Жаратқан Ийениң салтанатын көресизлер. Себеби Ол сизлердиң Өзине наразы болып, тоңқылдағаныңызды еситти. Бирақ бизлерге наразы болатуғындай, бизлер ким болыппыз?

8 Кейин Муўса былай деди:

– Кешқурын сизлерге жеў ушын гөш, азанда тойғаныңызша нан берилгенде, сизлер Жаратқан Ийениң салтанатын көресизлер. Өйткени Жаратқан Ийе сизлердиң Өзине қарсы наразылық билдиргениңизди еситти. Ал бизлер ким болыппыз? Сизлер бизлерге емес, ал Жаратқан Ийеге наразылық билдирип атырсызлар.

9 Кейин Муўса Харонға:

– Израил халқының пүткил жәмийетине айт, Жаратқан Ийениң алдына келсин. Себеби Жаратқан Ийе олардың тоңқылдыларын еситти, – деди.

10 Харон Израил халқының пүткил жәмийетине усыларды айтып турғанда, олар шөлге қарады. Сонда Жаратқан Ийениң салтанаты булт ишинде көринди.

11 Жаратқан Ийе Муўсаға былай деди:

12 – Мен израиллылардың тоңқылдыларын еситтим. Оларға мынадай деп айт: «Кешқурын гөш жеп, азанда нанға тоятуғын боласызлар. Сонда сизлер Мениң – Қудайыңыз Жаратқан Ийе екенимди билип аласызлар».

13 Кешқурын бөденелер ушып келип, орданы басып кетти. Ал азанда орданың әтирапын шық қаплады.
14 Шық кепкенде, шөлдеги жердиң бетинде қыраўға уқсаған, майда дән сыяқлы бир нәрсе көринди.
15 Буны көргенде, израиллылар бир-биринен: «Бул не?» – деп сорасты. Себеби олар буның не екенин билмейтуғын еди.

Муўса оларға:

– Бул – Жаратқан Ийениң сизлерге жеў ушын берген наны.
16 Жаратқан Ийе былай деп буйырады: «Ҳәр бир адам жей алғандайын жыйнап алсын.

---

[a] **16:5** *Алтыншы күни* – еврей календары бойынша жума күни алтыншы күн деп есапланған.

Шатырыңыздағы ҳәр бир адам
ушын бир омерден[a] алыңлар».
17 Израиллылар солай ислеп,
кимиси көп, кимиси аз жыйнады.
18 Омер менен өлшегенде, көп жый-
наганның артығы, аз жыйнағанның
кемиси болмады. Ҳәр бир адам жей
алатуғын муғдарда жыйнаған еди.
19 Муўса оларға:
– Ҳеш ким оннан азанға дейин
бир түйир қалдырмасын, – деди.
20 Деген менен, айырымлар Муўса-
ны тыңламай, азанға дейин қалдыр-
ғанда, ол қуртлап, сасый баслады
ҳәм Муўсаның оларға ғәзеби келди.
21 Ҳәр күни азанда ҳәр бир адам
өзи жей алатуғын муғдарда жый-
найтуғын еди. Ал қуяш қызған
ўақытта жерде қалғанлары ерип
кететуғын еди. 22 Алтыншы күни
адам басына еки омерден, яғный
еки есе жыйнайтуғын еди. Жәми-
йет басшылары келип, аўҳалды
Муўсаға билдирди. 23 Муўса олар-
ға былай деди:
– Жаратқан Ийениң буйрығы мы-
наў: ертең Жаратқан Ийеге арнал-
ған толық дем алатуғын мухаддес
Шаббат күни. Соның ушын, бү-
гин писиретуғыныңызды писирип,
қайнататуғыныңызды қайнатып
алыңлар. Ал аўысып қалғанын
азанға дейин сақлап қойыңлар.
24 Муўсаның буйырғанындай, ха-
лық аўысып қалғанды азанға дейин
сақлап қойғанда, ол сасымады да,
қуртлап та кетпеди. 25 Сонда Муў-
са оларға былай деди:
– Аўысып қалғанды бүгин жеӊ-
лер. Себеби бүгин Жаратқан Ийе
ушын Шаббат күни. Бүгин даладан
манна таба алмайсызлар. 26 Сизлер
оны алты күн жыйнаңлар. Бирақ
жетинши күни болған Шаббат кү-
ни ол улыўма болмайды.
27 Жетинши күни айырымлар нан
жыйнаў ушын сыртқа шыққанда,
ҳеш нәрсе таба алмады. 28 Сонда
Жаратқан Ийе Муўсаға былай деди:
– Қашанға шекем буйрықларым
ҳәм көрсетпелеримди орынлаў-
дан мойын таўлайсызлар? 29 Мине-
кей, Мен сизлерге Шаббат күнин
бердим. Сонлықтан алтыншы кү-
ни сизлерге еки күнлик нан бе-
рип атырман. Жетинши күни ҳәр
бир адам қай жерде жасап атырған
болса, сол жерде қалсын, сыртқа
шықпасын.
30 Солай етип, халық жетинши
күни дем алды.
31 Израиллылар сол нанды ман-
на[b] деп атады. Оның көриниси кин-
за туқымы сыяқлы болып, дәми
пал қосылған шөрекке уқсайтуғын
еди. 32 Муўса халыққа былай деди:
– Жаратқан Ийе былай деп бу-
йырады: «Сизлерди Мысырдан
алып шыққанымда, Мениң сизлер-
ге шөлде берген нанымды келешек
әўладлардың көриўи ушын, оның
бир омерин сақлап қойыңлар».
33 Муўса Харонға:
– Бир ыдысты алып, ишине бир
омер манна сал. Келешек әўладлар-
ға сақланып қалыўы ушын, оны
Жаратқан Ийениң алдына қой, –
деди.
34 Жаратқан Ийениң Муўсаға
буйырғанындай, Харон маннаны

---

[a] **16:16** *Бир омер* – шама менен 2,2 л.
[b] **16:31** *Манна* – еврейше сөз болып, «Бул не?» сөзине үнлес. 15-аятқа қараң.

сақлап қойыў ушын, оны Келисим
сандығының алдына қойды.
35 Израиллылар мәкан етилген
Қанан жерине жетип барғанша, қы-
рық жыл манна жеди. 36 Бир омер
эфаның[a] оннан бир бөлегине туў-
ры келетуғын еди.

## Жартастан аққан суў

17 1 Соңынан Израил халқының
пүткил жәмийети Жаратқан
Ийениң буйрығы бойынша Син
шөлинен шықты да, бир жерден
екинши жерге көшип-қонып жүрип,
Рефидимге орналасты. Деген ме-
нен, ол жерде ишетуғын суў жоқ еди.
2 Олар Муўсаға:
– Бизлерге ишетуғын суў бер, –
деп урысты.
– Неге маған урысып атырсыз-
лар? Неге Жаратқан Ийени сынап
атырсызлар? – деди оларға Муўса.
3 Бирақ халық шөллегенликтен,
Муўсаға наразы болып:
– Бизлерди не ушын Мысырдан
алып шықтың? Бизлерди, бала-
ларымызды ҳәм малларымызды
шөлден өлтириў ушын ба? – деп
тоңқылдады.
4 Муўса Жаратқан Ийеге дад салып:
– Бул халыққа не ислейин? Бираз-
дан соң, олар мени тас боран қы-
лып өлтиреди-ғо! – деди.
5 Жаратқан Ийе Муўсаға былай
деди:
– Халықтың алдына өт. Нил дәрья-
сын урған таяғыңды ал да, Израил
ақсақалларының айырымларын изи-
ңе ертип, алға қарай жүр. 6 Мине, Мен
Хореб таўындағы бир жартастың үс-
тинде, сениң алдыңда тураман. Сен
жартасты урғаныңда, суў атлығып
шығады ҳәм халық суў ишеди.
Муўса Израил ақсақалларының
көз алдында солай иследи.
7 Солай етип, ол сол жерди Мас-
са[b] ҳәм Мериба[c] деп атады. Себеби
израиллылар сол жерде Муўса ме-
нен урысып: «Арамызда Жаратқан
Ийе бар ма екен, я жоқ па екен?» –
деп Жаратқан Ийени сынаған еди.

## Амалеклердиң
## жеңилиске ушыраўы

8 Амалеклер келип, Рефидимде
израиллыларға урыс ашты. 9 Сон-
да Муўса Ешуаға:
– Халық ишинен адамларды сай-
лап ал да, барып, амалеклер менен
урыс. Ертең мен қолыма Қудайдың
таяғын услап, төбешиктиң басын-
да тураман, – деди.
10 Ешуа Муўсаның айтқанын ислеп,
амалеклер менен урысты. Сол ўақыт-
та Муўса, Харон ҳәм Хур төбешик-
тиң басына шықты. 11 Муўса қолын
көтергенде израиллылар, ал түсир-
генде амалеклер үстин келе берди.
12 Бирақ Муўсаның қоллары шар-
шап қалды. Сонда олар бир тас әке-
лип, Муўсаның астына қойды. Муўса
тастың үстине отырды. Бир жағында
Харон, екинши жағында Хур Муў-
саның қолларын жоқары көтерип
турды. Қуяш батқанша, Муўсаның
қоллары беккем көтерилип турды.
13 Солай етип, Ешуа амалеклерди
қылыштан өткизип, оларды жеңди.

a **16:36** *Эфа* – бир эфа шама менен 22 л.
b **17:7** *Масса* – «сынаў» дегенди билдиреди.
c **17:7** *Мериба* – «урысыў» дегенди билдиреди.

14 Соңынан Жаратқан Ийе Муў-
саға:
– Естелик болып қалыўы ушын,
буны китапқа жазып қой. Ешуаның
қулағына қуйып қой, Мен амалек-
лердиң атын жер жүзинен пүткил-
лей жоқ қыламан, – деди.
15 Муўса бир қурбанлық орын
қурып, оның атын «Жаратқан Ийе
мениң байрағым» деп қойды. 16 Ке-
йин ол былай деди: «Жаратқан
Ийениң тахтына қарсы қол көтер-
гени ушын, Ол әўладлар даўамын-
да амалеклерге қарсы урысады».

**Итроның Муўсаға келиўи**

**18** 1 Муўсаның қәйин атасы
мидиянлы руўханий Итро
Қудайдың Муўса ушын ҳәм Өз хал-
қы Израил ушын ислеген ҳәмме
ислерин, Жаратқан Ийениң изра-
иллыларды Мысырдан қалай алып
шыққанын еситти.
2-3 Бурын Муўса ҳаялы Сиппора-
ны еки улы менен төркинине қай-
тарып жибергенде, Итро оларды
қабыл еткен еди. Муўса: «Мен –
жат елде келгинди адам едим», –
деп, улларының бирин Гершом деп
атаған еди. 4 Ал екинши улына:
«Ата-бабаларымның Қудайы маған
жәрдем етип, мени фараонның қы-
лышынан қутқарды», – деп, Элиe-
езер[a] деп ат қойған еди.
5 Сонда Муўсаның ҳаялын ҳәм
улларын ерткен қәйин атасы Ит-
ро Қудайдың таўына, Муўса қоныс
басқан шөлге келди. 6 Ол Муўсаға:
«Мен – қәйин атаң Итроман, ҳая-
лың менен еки улыңды алып саған
киятырман», – деп хабар жиберди.
7 Муўса қәйин атасын күтип алып,
оның алдында тәжим етти ҳәм оны
сүйди. Олар бир-биринен ҳал-аў-
ҳал сорасып болып, шатырға кирди.
8 Муўса қәйин атасына Жаратқан
Ийениң Израил халқы ушын фара-
он менен мысырлыларға нелер ис-
легенин, өзлериниң жолда көрген
қыйыншылықларын ҳәм Жаратқан
Ийениң оларды қалай қутқарғанын
бирме-бир айтып берди.
9 Итро Жаратқан Ийениң изра-
иллыларға ислеген жақсылықла-
рына ҳәм оларды мысырлылардың
қолынан қутқарғанына қуўанды.
10 Итро былай деди:
– Сизлерди мысырлылардың ҳәм
фараонның қолынан қутқарып, ха-
лықты мысырлылардың мойын-
тырығынан азат қылған Жаратқан
Ийеге алғыслар болсын. 11 Енди
мен Жаратқан Ийениң барлық қу-
дайлардан уллы екенин билдим.
Өйткени Ол израиллыларға мен-
менлик қатнаста болған мысыр-
лылардан үстин шықты.
12 Итро Қудайға жандырыла-
туғын қурбанлық ҳәм басқа қур-
банлықлар әкелип берди. Харон
ҳәм Израилдың пүткил ақсақал-
лары Муўсаның қәйин атасы ме-
нен Қудайдың алдында аўқатланыў
ушын келди.

**Итроның кеңеси**

13 Ертеңине Муўса халыққа қазы-
лық етиў ушын өз орнына отырды.
Халық азаннан кешке шекем оның
алдында тик аяқта турды.
14 Қәйин атасы Муўсаның халық-
қа қылған бул исин көрип:

---

a **18:4** *Элиезер* – «Қудай жәрдем береди» дегенди билдиреди.

– Халыққа бул не ислегениң? Неге
жалғыз өзиң қазылық етип отыр-
саң? Неге ҳәмме азаннан кешке
шекем сениң алдында тур? – деди.
15 Муўса оған былай деди:
– Өйткени халық Қудайдың еркин
билиў ушын, маған келеди. 16 Қа-
шан араларында бир даў шықса,
олар маған келеди. Мен еки тәреп
арасында қазылық қылып, оларға
Қудайдың қағыйдаларын ҳәм көр-
сетпелерин мәлим етемен.
17 Қәйин атасы оған былай деди:
– Бул исиң жақсы емес. 18 Сен
өзиңди де, жаныңдағы халықты
да шаршатып таслайсаң. Бул ис сен
ушын жүдә аўырлық етеди, ол бир
өзиңниң қолыңнан келмейди. 19 Ен-
ди маған қулақ сал. Егер сен мениң
кеңесиме әмел қылсаң, Қудай са-
ған яр болады. Сен Қудай алдында
халық ушын ўәкил болып, олар-
дың даўлы ислерин Қудайға жетки-
зип турыўың керек. 20 Ал халыққа
Қудайдың қағыйдаларын ҳәм көр-
сетпелерин үйрет. Қандай жол ме-
нен жүрип, не ислеў кереклигин
оларға көрсет. 21 Буларға қосымша,
халық арасынан Қудайдан қорққан,
уқыплы, ҳарам пайданы жек көре-
туғын исенимли адамларды сайлап
ал. Оларды халық үстинен мыңба-
сылар, жүзбасылар, елиўбасылар
ҳәм онбасылар қылып тайынла.
22 Олар бәрқулла халыққа қазылық
етсин. Үлкен даўларды саған әкел-
син, ал кишилерин өзлери шешсин.
Усылай етип, олар аўырманлықты
сениң менен бөлиссе, саған жеңил
болады. 23 Егер сен Қудайдың бу-
йырғанындай етип, усылай ислесең,
онда шыдай аласаң ҳәм ҳәмме ты-
нышлық пенен үйлерине қайтады.
24 Муўса қәйин атасының сөзин
тыңлап, оның айтқанларының ҳәм-
месин орынлады. 25 Ол израиллы-
лар арасынан уқыплы адамларды
сайлап алып, оларды мыңбасылар,
жүзбасылар, елиўбасылар ҳәм он-
басылар қылып, халыққа басшы
етип тайынлады. 26 Олар халыққа
бәрқулла қазылық етип, қыйын мә-
селелерди Муўсаға алып келди. Ал
кишигирим ислерди өзлери шешти.
27 Кейин Муўса қәйин атасын жол-
ға шығарып салды. Итро өз елине
қайтып кетти.

### Израил халқы Синай таўында

**19** 1 Израиллылар Мысырдан
шыққаннан кейинги үшин-
ши айдың биринши күни Синай
шөлине жетип келди. 2 Олар Рефи-
димнен жолға шыққан болып, Си-
най шөлине жетип келген еди. Олар
сол жерде, Синай таўының қарсы-
сына шатырларын тикти.
3 Сонда Муўса таўға, Қудайдың
дәргайына шықты. Жаратқан Ийе
оған таўдан былай деди:
– Яқып нәсилине, Израил хал-
қына былай де: 4 «Мысырлыларға
не ислегенимди ҳәм палапанла-
рын қанатлары менен тасыған бүр-
кит сыяқлы, сизлерди жаныма
әкелгенимди көрдиңлер. 5 Ал ен-
ди сөзлеримди дыққат пенен тың-
лап, келисимиме әмел қылсаңлар,
сизлер барлық халықлар ишин-
де Мениң ғәзийнем боласызлар.
Себеби пүткил жер жүзи Маған
тийисли. 6 Сизлер Мениң ушын
рууханийлер патшалығы ҳәм му-
қаддес халық боласызлар». Сениң
израиллыларға айтатуғын сөзле-
рiң усылар.

7 Муўса келип, халық ақсақал-
ларын шақырып алды да, өзи-
не Жаратқан Ийениң буйырған
барлық сөзлерин оларға билдир-
ди. 8 Пүткил халық бир аўыздан:
«Жаратқан Ийениң айтқанлары-
ның ҳәммесин орынлаймыз», – деп
жуўап берди. Муўса халықтың жу-
ўабын Жаратқан Ийеге жеткизди.
9 Сонда Жаратқан Ийе Муўсаға:
– Сениң менен сөйлескенимди ха-
лықтың еситиўи ҳәм саған мәңгиге
исениўи ушын, Мен саған бир қалың
булт ишинде келемен, – деди. Муўса
халықтың сөзлерин Жаратқан Ийе-
ге жеткизгенде, 10 Жаратқан Ийе
Муўсаға былай деди:
– Бар, бүгин ҳәм ертең халық пәк-
ленсин. Олар кийимлерин жуўып,
11 үшинши күни таяр болсын. Өйт-
кени үшинши күни Мен, Жаратқан
Ийе пүткил халықтың көз алдын-
да Синай таўына түсемен. 12 Халық
ушын таўдың әтирапына шегара
сызып, белгиле ҳәм оларға: «Абай-
лаңлар, таўға шығыўшы болмаңлар,
таўдың етегине де жақынламаң-
лар! Таўға бир жерин тийгизген ҳәр
бир адам сөзсиз өлтириледи. 13 Сол
адамға қол тийгизилмей, тас боран
қылынып, я болмаса оқ жай менен
өлтириледи. Ҳайўан болса да, адам
болса да, ол тири қалмайды», – деп
айт. Тек кәрнай узақ шертилгенде
ғана, олар таўға көтериле алады.
14 Соңынан Муўса таўдан халық-
тың қасына түсип, оларға пәкле-
ниўди буйырды. Ҳәр бир адам
кийимлерин жуўды. 15 Муўса ха-
лыққа:
– Үшинши күни таяр болыңлар.
Бул ўақыт ишинде ҳаялларыңыз-
ға жақынламаңлар, – деди.
16 Үшинши күни таң атыўдан гүл-
дирмама гүркиреп, шақмақ шақты.
Таўдың үстин қалың булт қаплап,
бәлент, күшли даўыслы кәрнай
сести еситилди. Ордадағы пүткил
халық титирей баслады. 17 Муўса
халықты Қудай менен ушырасты-
рыў ушын, ордадан баслап шықты.
Олар таўдың етегине келип турды.
18 Қудай Синай таўына от ишинде
түскенликтен, пүткил таў түтеп
турған еди. Таўдан пештен шық-
қандай түтин шығып, пүткил таў
қатты силкинип турған еди. 19 Кәр-
най сести барған сайын күшейе
берди. Муўса Қудайға сөйледи
ҳәм Қудай да оған даўыслап жу-
ўап берди. 20 Жаратқан Ийе Синай
таўының төбесине түсип, Муўсаны
таўдың төбесине шақырды. Муўса
сол жерге шықты. 21 Жаратқан Ийе
оған былай деди:
– Төмен түсип, халықты ескерт.
Мени көриў ушын, шегарадан шы-
ғып кетпесин. Болмаса, көбиси
өлип қалады. 22 Маған жақынла-
сатуғын руўханийлер де өзлерин
пәклесин. Болмаса, оларды қырып
таслайман.
23 Муўса Жаратқан Ийеге:
– Халық Синай таўына шыға ал-
майды. Өйткени Сен: «Таўдың әти-
рапына шегара сызып, белгиле ҳәм
таўды мухаддес қыл», – деп ескерт-
кен едиң, – деди.
24 Жаратқан Ийе оған:
– Төмен түсип, Харонды өзиң ме-
нен бирге алып кел. Бирақ руўха-
нийлер менен халық алдыма келиў
ушын, шегарадан өтпесин. Болмаса,
оларды қырып таслайман, – деди.
25 Солай етип, Муўса төмен түсти
де, халыққа усыларды айтып берди.

### Он буйрық

*(Нзм 5:1-21)*

**20** 1 Сонда Қудай мына сөз-
лерди айтты:
2 – Мен – сени Мысырдан, қул
болған жериңнен алып шыққан
Қудайың Жаратқан Ийемен.
3 Сениң Меннен басқа қудайла-
рың болмасын.
4 Жоқарыдағы аспанда, төменде-
ги жер жүзинде ҳәм жер астындағы
суўларда болған ҳеш бир нәрсениң
көринисин соғып, өзиңе бут жа-
сама. 5 Оларға табынба ҳәм хыз-
мет қылма. Себеби Мен – сениң
Қудайың Жаратқан Ийе, қызға-
ныўшы Қудайман. Мени жек көр-
генлерди әкесиниң гүнасы ушын
балаларын, олардың үшинши, төр-
тинши әўладына шекем жазалай-
ман. 6 Бирақ Мени сүйгенлерге ҳәм
буйрықларымды орынлағанларға
мыңыншы урпағына дейин жақсы-
лық қыламан.
7 Қудайың Жаратқан Ийениң
атын жөнсиз тилиңе алма. Өйт-
кени Жаратқан Ийе Өзиниң атын
босқа тилге алғанларды жазасыз
қалдырмайды.
8 Шаббат күнин мухаддес ту-
тыўды есте сақла. 9 Алты күн жу-
мыс ислеп, барлық ислериңди исле.
10 Ал жетинши күн Маған, Қудайың
Жаратқан Ийеге арналған Шаббат
күни. Сол күни ҳеш қандай ис қыл-
ма. Улың да, қызың да, қулың да,
шорың да, малларың да, араңыз-
дағы келгинди адам да ҳеш қан-
дай ис қылмасын. 11 Себеби Мен,
Жаратқан Ийе алты күн ишинде
аспанды, жерди, теңизди ҳәм олар-
дағы пүткил барлықты жаратып,
жетинши күни дем алдым. Сонлық-
тан Мен Шаббат күнин жарылқап,
оны мухаддес қылып айырдым.
12 Ата-анаңды ҳүрметле. Сонда
Қудайың Жаратқан Ийениң са-
ған беретуғын жеринде өмириң
узақ болады.
13 Адам өлтирме.
14 Неке ҳадаллығын бузба.
15 Урлық ислеме.
16 Ҳеш кимге қарсы жалған гү-
ўалық берме.
17 Ҳеш бир адамның үйин күсеме.
Оның ҳаялын, қулын, шорысын,
өгизин, ешегин, ҳеш бир нәрсе-
син күсеме.
18 Пүткил халық гүлдирмаманы
ҳәм кәрнай сестин еситип, шақмақ-
ты ҳәм таўдың басындағы түтинди
көргенде, қорққанынан қалты-
рай баслады. Олар узақта турып,
19 Муўсаға:
– Бизлер менен өзиң сөйлес. Биз-
лер сени тыңлаймыз. Бирақ Қудай
бизлерге сөйлемесин. Болмаса,
өлип қаламыз, – деди.
20 Муўса халыққа:
– Қорқпаңлар! Себеби Қудай
сизлерди сынаў ушын ҳәм Оннан
қорқып, гүна ислемеўиңиз ушын
келди, – деди.
21 Халық узақта тура берди, ал
Муўса Қудай турған тас түнек қа-
раңғылыққа жақынласты.

### Қурбанлық орын ҳаққында

22 Жаратқан Ийе Муўсаға бы-
лай деди:
– Израиллыларға былай деп айт:
«Мениң сизлерге аспаннан сөйлеге-
нимди еситтиңлер. 23 Меннен басқа
қудайларың болмасын. Өзлери-
ңизге гүмистен болса да, алтыннан

болса да, ҳеш қандай бутлар соғып
алмаңлар. 24 Мениң ушын топы-
рақтан қурбанлық орын ислеңлер.
Ол жерде қой ҳәм буғаларыңыз-
ды жандырылатуғын қурбанлық
ҳәм татыўлық қурбанлығы етип
бериңлер. Маған сыйыныўыңыз
ушын Өзим таңлаған ҳәр бир жер-
ге барып, сизлерди жарылқайман.
25 Егер Маған тастан қурбанлық
орын қуражақ болсаңыз, жонылл-
маған тасларды қолланыңлар. Өйт-
кени тасқа қашаў тийгизсеңиз, оны
ҳарамлайсызлар. 26 Және де, Маған
арналған қурбанлық орынға текше
арқалы шықпаңлар, болмаса көте-
рилгениңизде жалаңаш жериңиз
көринип қалыўы мүмкин».

### Қуллар ҳаққында

21 1 – Сен халыққа жәриялa-
ўың керек болған нызам-
лар мыналар: 2 егер сен еврей қул
сатып алсаң, ол алты жыл хызмет
етип, жетинши жылы ешейин азат
етилсин. 3 Егер ол келгенде бойдақ
болса, жалғыз кетсин. Ал үйленген
болса, онда оның ҳаялы да бирге
кетсин. 4 Егер хожайыны сол қул-
ды үйлендирген ҳәм ҳаялы оған
ул-қыз туўып берген болса, онда
ҳаялы ҳәм балалары хожайынын-
да қалып, қулдың бир өзи кетсин.
5 Бирақ қул: «Мен хожайынымды,
ҳаялымды ҳәм балаларымды жақ-
сы көремен, азатлыққа шықпай-
ман», – десе, 6 онда хожайыны оны
қазылардың алдына алып келсин
ҳәм оны қапының ямаса қапының
жақлаўына қойып, қулағын биз бе-
нен тессин. Сонда ол өмир бойы
хожайынына қул болып қалады.
7 Егер ким де ким қызын шоры-
лыққа сатса, қыз еркек қуллар сы-
яқлы азатлыққа шыға алмайды.
8 Егер хожайыны сол қызды ҳа-
яллыққа алыўды нийет қылып
болып, оны жақтырмай қалса, он-
да қыздың әкеси тәрепинен қуны
төленип, қыздың азат болыўына
руxсат етсин. Бирақ өзи алдағаны
ушын, жат адамларға сатыўға ҳа-
қысы жоқ. 9 Егер ол қызды улына
некелесе, оны өз қызындай көрсин.
10 Ал егер хожайыны шорысына үй-
ленип болып, және басқа ҳаял алса,
онда шоры ҳаялын азық-аўқаттан,
кийим-кеншектен ҳәм ерли-зайып-
лылық ҳуқықларынан маҳрум ет-
песин. 11 Егер ол усы үш нәрседен
шорыны маҳрум қылса, шоры қуны
төленбестен азат қылынсын.

### Зорлыққа қарсы нызамлар

12 – Ким де ким биреўди урып
өлтирсе, оның өзи де сөзсиз өл-
тирилсин. 13 Бирақ егер ол буны
абайсызда ислеген болса, Қудайы-
ңыз болған Мен усыған жол қойған
болсам, онда сол адамның қашып
барып, паналайтуғын жерин Өзим
белгилеп беремен. 14 Ал егер ким
де ким жанындағы адамды қастан
өлтирип, Мениң қурбанлық орны-
ма қашып барса да, оны сол жерден
шығарып алып, өлтириңлер.
15 Ким де ким анасын ямаса әке-
син урса, ол сөзсиз өлтирилсин.
16 Ким де ким биреўди урлап, оны
сатса ямаса услап турса, ол сөзсиз
өлтирилсин.
17 Ким де ким анасын ямаса әке-
син ғарғаса, ол сөзсиз өлтирилсин.
18 Еки адам жәнжеллесип, би-
реўи екиншисин тас ямаса муш

пенен урса, ол өлмегени менен, тө-
сек тартып жатып қалса, [19] кейин
орнынан турып, далаға таяқ пенен
шыға алатуғын болса, онда урған
адам айыпсыз болып есапланады.
Тек ол жарақат алған адамға оны
жумысынан қалдырғаны ушын ҳәм
толық емлениўи ушын пул төлесин.

[20] Егер ким де ким қулын ямаса
шорысын таяқ пенен урып өлтирсе,
ол жазалансын. [21] Бирақ егер қул
дәрҳал өлмей, ал бир-еки күннен
соң өлсе, қулдың хожайыны жа-
заланбасын. Себеби қул оның өз
меншиги.

[22] Биреўлер төбелесип атырып,
бир ҳәмиледар ҳаялды урып алса
ҳәм ҳаял шала туўып қойса, би-
рақ басқа зыян көрмесе, онда зы-
ян жеткизген адам ҳаялдың күйеўи
талап қылған ҳәм қазылар белги-
леген муғдарда қун төлесин. [23] Ал
егер басқа зыян жеткизилген бол-
са, жанға жан, [24] көзге көз, тиске
тис, қолға қол, аяққа аяқ алынып,
[25] күйик ушын күйдирилип, жара-
қат ушын жарақат салынып, көгер-
ген ушын көгертилсин.

[26] Егер ким де ким қулының яма-
са шорысының көзине урып, соқыр
қылса, көзи ушын оны азатлыққа
шығарсын. [27] Ал егер қулының яма-
са шорысының тисин сындырса, ти-
си ушын оны азатлыққа шығарсын.

[28] Егер бир ер адамды ямаса бир
ҳаялды өгиз сүзип өлтирсе, өгиз
тас пенен урып өлтирилсин, ал гө-
ши желинбесин. Өгиздиң ийеси
айыпсыз болып есаплансын. [29] Би-
рақ өгиз бурыннан-ақ сүзеўик бо-
лып, бул туўралы ескертилгенине
қарамай, ийеси өгизине көзқу-
лақ болмаған болса, өгиз бир ер
адамды ямаса бир ҳаялды өлтирсе,
онда өгиз тас пенен урып өлтирил-
син. Өгиздиң ийеси де өлтирилсин.
[30] Егер өгиздиң ийесине өз жанын
сақлап қалыўы ушын қун төлеўине
рухсат етилсе, ол талап қылынған
қунды толығы менен төлеўи тийис.
[31] Егер өгиз ул баланы ямаса қыз
баланы сүзип өлтирсе, онда да усы
нызам қолланылсын. [32] Егер өгиз
бир қулды ямаса бир шорыны сү-
зип өлтирсе, онда олардың хожайы-
нына отыз шекел[a] гүмис берилип,
өгиз тас пенен урып өлтирилсин.

[33] Егер ким де ким суў сақлана-
туғын шуқырды ашық қалдырса
ямаса таза шуқыр қазып, оның аў-
зын жаппай кетсе ҳәм сол шуқыр-
ға бир өгиз ямаса ешек түсип кетсе,
[34] онда шуқырдың ийеси малдың
қунын төлеўи тийис. Ол малдың
ийесине пул төлесин, ал малдың
денесин өзине алсын.

[35] Егер бир адамның өгизи қоңсы-
сының өгизин сүзип өлтирип қой-
са, онда олар тири қалған өгизди
сатып, ақшасын ҳәм өли өгиздиң
гөшин тең бөлисип алсын. [36] Егер
өгиздиң сүзеўик екени бурыннан-
ақ белгили болса да, ийеси оған
көзқулақ болмаған болса, онда ол
өгиздиң орнына өгиз берип, өлген
малды өзине алсын.

### Мал-мүлик ҳаққында нызамлар

**22** [1] – Егер ким де ким ири мал
ямаса майда мал урлап, оны
сойса ямаса сатып жиберсе, бир

---

a **21:32** *Отыз шекел* – бир шекел шама менен 11 гр.

өгиздиң орнына бес өгиз, бир қой-
дың орнына төрт қой төлесин.
2 Ким де ким түнде үйге урлық-
қа түсип атырған урыға тап бо-
лып, оны урып өлтирсе, төгилген
қан оның мойнына жүкленбесин.
3 Бирақ егер ўақыя қуяш шыққан-
нан кейин болса, онда қан төккен
адам айыплы болады. Уры урлаған
нәрсесиниң қунын толық төлесин.
Егер урының төлейтуғын ҳеш нәр-
сеси болмаса, урлағанларын төле-
ўи ушын, ол қул қылып сатылсын.
4 Қара мал ма, ешек пе ямаса майда
мал ма, не болса да, урланған мал
урының қолынан тирилей табыл-
са, онда ол мал ушын еки есе қун
төлесин.
5 Егер ким де ким малларын өз
атызына ямаса жүзим бағына от-
латып қойып, малларының басқа
биреўдиң атызына түсиўине жол
қойса, онда ол өз атызының яма-
са бағының ең жақсы өнимлери-
нен төлесин.
6 Егер биреў от жағып, бул оттан
тикенлер алысып кетип, баўлан-
ған егинлерди, атыздағы зүрәәтти
ямаса пүткил егисликти жанды-
рып жиберсе, онда от жаққан адам
шығынды толық төлесин.
7 Ким де ким қоңсысына ақшасын
ямаса затларын аманат етип бер-
се, бирақ сол нәрселер қоңсысы-
ның үйинен урланып, уры табылса,
уры урлаған затларын еки есе етип
төлесин. 8 Ал егер уры табылмаса,
үй ийеси қазылардың алдына ба-
рып, аманатқа қыянет етпегенин
айтып ант ишсин. 9 Қандай да бир
даўлы нәрсе: ири мал, ешек, май-
да мал, кийим-кеншек, ҳәр қан-
дай жойтылған нәрсе бойынша:
«Бул – меники» деген талас болса,
онда еки тәреп мәселени қазылар-
ға жеткизсин. Қазылар айыплы
деп тапқан адам қоңсысына еки
есе төлесин.
10 Ким де ким қоңсысына ешегин,
ири малын, майда малын ямаса
қандай да бир малын аманат етип
берсе, сол мал өлип қалса ямаса
жарақат алса, я болмаса урланып,
буған гүўа болмаса, 11 онда малды
аманатқа алған адам қоңсысының
малына қол тийгизбегенин айтып,
Жаратқан Ийениң аты менен ант
ишсин. Малдың ийеси буны қа-
был етсин ҳәм қоңсысы ҳеш нәрсе
төлемесин. 12 Бирақ алған адам-
нан сол мал урланған болса, онда
ол малдың ийесине қун төлесин.
13 Егер малды бир жыртқыш ҳайўан
тилкимлеп таслаған болса, онда
баққан адам тилкимленген малды
дәлил етип көрсетиўи тийис ҳәм
сол мал ушын ҳеш нәрсе төлемесин.
14 Егер ким де ким қоңсысынан
бир мал сорап алып турса, ийеси
жоқта мал жарақат алса ямаса өлип
қалса, алған адам мал ушын толық
қун төлеўи тийис. 15 Бирақ ийе-
си малдың қасында болған болса,
қарызға мал алған адам ҳеш нәр-
се төлемесин. Ал егер мал жаллап
алынған болса, онда жалланған
баҳасы төлениўи тийис.

### Жәмийетлик жуўапкершиликлер

16 – Егер ким де ким атастырыл-
маған бир қызды алдап, оның ме-
нен жатса, қыз ушын қалың мал
берип, оған үйлениўи тийис. 17 Егер
әкеси қызын сол адамға бериўге
ыразы болмаса, онда ол қызларға

берилетуғын қалың мал муғдарын төлесин.
[18] Сыйқыршы ҳаялды тири қалдырмаңлар.
[19] Ҳайўан менен жынысый қатнас жасайтуғын адам сөзсиз өлтирилсин.
[20] Жаратқан Ийеден басқа қудайларға қурбанлық берген адам жоқ қылынсын.
[21] Келгинди адамға жәбир берип, езиўши болмаңлар. Себеби сизлер де Мысырда келгинди болдыңлар.
[22] Жесирлер менен жетимлерге
жәбир бермеңлер. [23] Егер жәбир
берсеңиз, олар Маған жалбарынса, олардың налаларын сөзсиз
еситемен. [24] Сонда Мениң ғәзе-
бим лаўлап, сизлерди қылыш пенен өлтиремен. Ақыбетинде ҳаялларыңыз жесир, ал балаларыңыз жетим болып қалады.
[25] Мениң халқымнан бир кәмбағалға қарызға ақша берсең, өсимге пул бериўши сыяқлы пайыз мин-
дирме. [26] Егер қоңсыңның шапанын
гиреўге алсаң, оны қуяш батпастан
бурын қайтарып бер. [27] Өйткени
сол шапан оның жалғыз жамылатуғын нәрсеси. Шапаны болмаса, ол нени жамылып уйықлайды? Солай етип, ол Маған жалбарынса, оны еситемен. Себеби Мен мийрим-шәпәәтлимен.
[28] Қудайға тил тийгизбеңлер. Халқыңыздың басшыларын ғарғамаңлар.
[29] Қырманыңыздың ҳәм жүўазларыңыздың зүрәәтин Меннен аяп, Маған алып келиўди кешиктирмеңлер. Туңғыш улларыңыз-
ды да Маған бағышлаңлар. [30] Ири
мал ҳәм майда малларыңыз бенен де солай ислеңлер. Олар жети күн анасының жанында қалсын, ал сегизинши күни оларды Маған бериңлер.
[31] Сизлер Мениң мухаддес халқым боласызлар. Сонлықтан далада тилкимленип тасланған ҳайўанды жемеңлер, оны ийтлерге таслаңлар.

### Әдиллик ҳаққында

**23** [1] – Мыш-мыш гәп тарқатпаң. Жалған гүўалық бериў арқалы, жаман адамға қол бермең.
[2] Көпшилик жаўызлық ислегенде, оларға қосылмаң. Даўлы исте гүўалық бергениңизде көпшиликти жақлап, әдилликти бурмала-
маң. [3] Кәмбағал болса да, даўда
оны жақламаң.
[4] Егер душпаныңыздың жойтылып кеткен өгизин ямаса ешегин тaўып алсаңыз, оны ийесине қайта-
рып бериң. [5] Егер душпаныңыздың
ешегиниң жүктиң аўырлығынан жығылып қалғанын көрсеңиз, оны сол ҳалында таслап кетпей, оған жәрдем бериўиңиз тийис.
[6] Даўда кәмбағалдың исин шешиўде әдилликти бурмаламаң.
[7] Жала жабыўдан аўлақ болың, айыпсыз ҳәм ҳақ адамды өлимге ҳүким қылмаң. Өйткени Мен наҳақ адамды ақламайман.
[8] Пара алмаң. Себеби пара көретуғын адамды соқыр етип, ҳақ адамды наҳаққа шығарады.
[9] Келгинди адамға жәбир бермең. Өзлериңиз де Мысыр жеринде келгинди болғаныңыз себепли, келгинди адамның жағдайының қандай екенин билесизлер.

### Жетинши күн ҳәм жетинши жыл ҳаққында

10 – Алты жыл бойы жериңизге
туқым сеўип, зүрәәт жыйнаң. 11 Ал
жетинши жылы жерге дем бериң.
Халқыңыз арасындағы кәмбағаллар
ол жерден азық таўып жесин, олар-
дан аўысқанын жабайы ҳайўанлар
жесин. Жүзим бағыңыз бенен зәй-
түнзарыңызға да солай ислең.
12 Алты күн жумысыңызды ислеп,
жетинши күни дем алың. Усыла-
йынша өгизиңиз ҳәм ешегиңиз дем
алып, шорыңыздың улы да, келгин-
ди адамыңыз да ҳәлленип алсын.
13 Мениң сизлерге айтқанларым-
ның ҳәммесин орынлаң. Басқа қу-
дайлардың атын айтып шақырмаң,
оларды тилиңизге де алмаң.

### Үш байрам

14 – Жылына үш мәрте Мениң
алдыма келип байрам қылың.
15 Сизлерге буйырғанымдай, абиб
айының белгиленген күнлерин-
де жети күн ашытқысыз нан жеп,
Ашытқысыз нан байрамын бай-
рамлаң. Себеби сизлер Мысырдан
сол айда шықтыңлар.
Ҳеш ким алдыма қуры қол кел-
месин.
16 Атызға еккен бийдайларыңыз-
ды жыйнап баслағаныңызда, Зүрә-
әт байрамын белгилең.
Ал гүзде атыздан барлық егин-
лериңизди жыйнап болғаныңызда,
Жыйын-терим байрамын[a] белгилең.
17 Барлық еркеклериңиз жылы-
на үш мәрте Ийең болған Мениң,
яғный Жаратқан Ийениң алдына
келиўи керек.
18 Маған берилген қурбанлық-
тың қанын ашытқы салынған нан
менен бермең.
Байрамда Маған арнап берилген
қурбанлықтың майы азанға дейин
қалдырылмасын.
19 Жериңиздиң дәслепки өни-
миниң ең жақсысын Қудайыңыз
Жаратқан Ийениң Үйине алып келиң.
Ылақтың гөшин өз анасының сү-
тине писирмең.

### Ўәде ҳәм ескертиўлер

20 – Мине, жолда сизлерди қор-
ғаўы ҳәм сизлерди Мен таярлап
қойған жерге апарыўы ушын, ал-
дыңыздан бир периште жиберип
атырман. 21 Оған дыққатлы бо-
лып, сөзине қулақ салың. Оған
қарсы шықпаң. Себеби Ол Ме-
ниң атымнан ҳәрекет еткенлик-
тен, қарсылық көрсеткениңизге
сабыр етпейди. 22 Бирақ оның сө-
зин дыққат пенен тыңлап, айтқан-
ларымның ҳәммесин орынласаңыз,
Мен душпанларыңызға душпан бо-
лып, сизлерге қарсы шыққанларға
қарсы тураман. 23 Периштем алды-
ңызда жүрип, сизлерди амор, хет,
периз, қанан, хиў ҳәм ебуслардың
жерлерине алып барғанда, Мен
оларды жоқ етемен. 24 Сизлер олар-
дың қудайларына табынып, хыз-
мет қылмаң. Олардың әдетлерин
де үйренбең. Керисинше, олардың
қудайларын қулатып, кийели тас-
ларын сындырып таслаң. 25 Сиз-
лер Қудайыңыз Жаратқан Ийеге,

---

a **23:16** *Жыйын-терим байрамы* – Кейинги китапларда бул «Қос байрамы» деп аталды. Леб 23:33-36 қараң.

яғный Маған сыйының. Сонда Мен
сизлердиң нан-суўларыңызды жа-
рылқап, араңыздағы кеселликлер-
ди жоқ етемен. 26 Елиңизде түсик
түсиретуғын ҳәм бийперзент ҳа-
ял болмайды. Мен сизлерге узақ
өмир беремен.
27 Сизлерге қарсы шыққан ха-
лықларды Меннен қорқатуғын
қыламан ҳәм оларды албыратып
таслайман. Душпанларыңыз алды-
ңыздан қашатуғын болады. 28 Хиў,
қанан ҳәм хет халықларын алды-
ңыздан қуўыў ушын, ешек ҳәрре
жиберемен. 29 Ел қаңырап қалып,
сизлерге зыян беретуғын жабайы
ҳайўанлардың саны көбейип кет-
пеўи ушын, оларды бир жыл ишин-
де қуўып жибермеймен. 30 Сизлер
көбейип, сол елди ийелик етемен
дегенше, оларды аз-аздан қуўып
шығараман.
31 Шегараңызды Қызыл теңиз-
ден филистлер мәкан басқан теңиз-
ге дейин, қубладағы шөлден Евфрат
дәрьясына дейин орнатаман. Сол
елдиң адамларын сизлерге тәслим
етемен, сизлер оларды алдыңыз-
дан қуўып шығасызлар. 32 Олар ҳәм
олардың қудайлары менен келисим
дүзбең. 33 Олардың жериңизде жаса-
ўына жол қоймаң. Болмаса олар сиз-
лерди өз қудайларына сыйындырып,
Маған қарсы гүна ислеўге баслай-
ды ҳәм сизлерди дузаққа түсиреди.

### Келисимниң тастыйықланыўы

**24** 1 Жаратқан Ийе Муўсаға
былай деди:
– Сен, және де, Харон, Надаб, Аби-
ҳу ҳәм Израил ақсақалларынан
жетпис адам таўға көтерилип, Ме-
ниң алдыма келиңлер ҳәм узақта
турып тәжим етиңлер. 2 Тек сен ға-
на Маған жақынла, басқа ҳеш ким
жақын келмесин. Халық сениң ме-
нен бирге таўға шықпасын.
3 Муўса барып, Жаратқан Ийе-
ниң барлық сөзлерин ҳәм нызам-
ларын халыққа билдирди. Ҳәмме
бир аўыздан:
– Жаратқан Ийениң айтқанла-
рының ҳәммесин ислеймиз, – деп
жуўап берди. 4 Соннан кейин Муў-
са Жаратқан Ийениң барлық сөз-
лерин жазып қойды.
Ол ертеңине азанда таўдың ете-
гине қурбанлық орын қурды. Из-
раилдың он еки урыўының белгиси
ретинде он еки тас орнатты. 5 Со-
ңынан ол Жаратқан Ийеге арнап,
жандырылатуғын қурбанлықлар
берип, татыўлық қурбанлығы
ушын буғаларды сойыўға Изра-
илдың жас жигитлерин жиберди.
6 Муўса қанның ярымын ләген-
лерге қуйды. Ал қалған ярымын
қурбанлық орынға серпип жи-
берди. 7 Кейин келисим китабын[a]
алып, халыққа оқып берди. Халық:
«Жаратқан Ийениң айтқанлары-
ның ҳәммесин ислеймиз, Оған қу-
лақ асамыз», – деди.
8 Сонда Муўса ләгенлердеги
қанды халыққа сеўип: «Бул – усы
айтылған ҳәмме сөзлерге тийкар-
ланып, Жаратқан Ийениң сизлер
менен дүзген келисиминиң қа-
ны», – деди.

---

a **24:7** *Келисим китабы* – 20–23 бапларда Қудайдың Муўсаға берген буйрық ҳәм нызам-қағыйдалары усы китаптың ишине кирген (усы баптың 4-аятына қараң).

[9] Соннан соң, Муўса, Харон, На-
даб, Абиху ҳәм Израил ақсақал-
ларынан жетписи таўға шығып,
[10] Израилдың Қудайын көрди.
Қудайдың аяқлары астына лазу-
рит тасына уқсас, аспан сыяқлы
тынық бир нәрсе төселген еди.
[11] Израил басшылары Қудайды
көрсе де, Қудай оларға зыян тий-
гизбеди. Олар сол жерде ишип-
жеди.

### Муўса Синай таўында

[12] Жаратқан Ийе Муўсаға:
– Таўға, Мениң жаныма келип,
усы жерде күтип тур. Халыққа үй-
ретиў ушын, тегис еки тасқа жа-
зылған нызам ҳәм буйрықларды
беремен, – деди.
[13] Солай етип, Муўса ҳәм оның
жәрдемшиси Ешуа жолға атлан-
ды. Муўса Қудайдың таўына шы-
ғып баратырып, [14] ақсақалларға:
– Бизлер қайтып келгенше, усы
жерде күтип турыңлар. Харон ме-
нен Хур сизлер менен бирге болады.
Кимниң қандай иси болса, соларға
айтсын, – деди.
[15] Муўса таўға шыққанда, таўды
булт қаплады. [16] Сонда Жаратқан
Ийениң салтанаты Синай таўына
түсти. Булт таўды алты күн қаплап
турды. Жетинши күни Жаратқан
Ийе булттың ишинен Муўса-
ны шақырды. [17] Израиллыларға
Жаратқан Ийениң салтанаты таў-
дың төбесинде жалмап жутатуғын
от сыяқлы болып көринди. [18] Муў-
са булт ишине кирип, таўға шық-
ты. Ол қырық күн ҳәм қырық түн
таўда қалды.

### Мухаддес шатыр ушын берилетуғын қурбанлықлар

**25** [1] Жаратқан Ийе Муўсаға
былай деди:
[2] – Израиллыларға айт, Маған
нәзир алып келсин. Шын жүре-
ги менен берген ҳәр бир адамның
нәзирин қабыл етиңлер. [3] Олардан
қабыл ететуғын нәзирлериңиз мы-
налар: алтын, гүмис, қола, [4] жүн-
нен ийирилген қызғыш көк, шым
қызыл, қырмызы жиплер ҳәм ҳа-
сыл зығыр жиби, ешкиниң жүни,
[5] қызылға боялған қошқар тери-
си, жумсақ тери ҳәм акация аға-
шы, [6] шыралар ушын зәйтүн майы,
майлаў рәсимине арналған май
ҳәм хош ийисли түтетки ушын хош
ийисли затлар, [7] бас руўханийдиң
эфодына[a] ҳәм қалталы өңиршеси-
не тағылатуғын оникс ҳәм қымбат-
баҳа таслар.
[8] Арасында жасаўым ушын, из-
раиллылар Маған арнап, Мухад-
дес мәкан таярласын. [9] Мухаддес
шатырды ҳәм оның буйымларын
Мен саған көрсеткен үлгиге сай
қылып ислеңлер.

### Келисим сандығына тийисли көрсетпелер

[10] – Акация ағашынан сандық ис-
леңлер. Оның узынлығы еки ярым
шығанақ, ени бир ярым шығанақ
ҳәм бийиклиги бир ярым шығанақ
болсын. [11] Сандықтың иши-сыр-
тын сап алтын менен қаплат. Ал
ернегине алтыннан жийек салдыр.
[12] Сандық ушын төрт алтын ҳалқа
қуйдырып, төрт туяғына орнаттыр:

---

a **25:7** *Эфод* – бас руўханийдиң кийимлериниң бир бөлеги. Сөзликке қараң.

екеўи бир жағында, қалған екеўи
екинши жағында болсын. 13 Со-
ңынан акация ағашынан сырық-
лар ислетип, оларды алтын менен
қаплат. 14 Сандықты көтерип жүриў
ушын, сырықларды еки тәрепин-
деги ҳалқалардан өткиз. 15 Сырық-
лар ҳалқалардан айырып алынбай,
ҳәмме ўақыт ҳалқаларға киргизиў-
ли турсын. 16 Мен саған беретуғын
келисим буйрықлары жазылған
еки тасты сандықтың ишине са-
лып қой.

17 Сандықтың қақпағын да сап
алтыннан ислет. Қақпақтың узын-
лығы еки ярым шығанақ, ени бир
ярым шығанақ болсын. 18 Қақ-
пақтың еки шетине алтыннан еки
керуб[a] шөккишлеп соқтыр. 19 Ке-
рублардың биреўи қақпақтың бир
шетинде, ал басқасы екинши ше-
тинде болып, олар қақпақ пенен
бир тутас қылып исленсин. 20 Ке-
рублардың жоқарыға жайылған қа-
натлары қақпақты жаўып, жүзлери
бир-бирине қарама-қарсы түрде
қақпаққа қарап турсын. 21 Қақпақ-
ты сандықтың үстине, Мен саған
беретуғын тасларды болса, сандық-
тың ишине қой. 22 Мен сениң менен
сол жерде, Келисим сандығының
үстиндеги керублар арасында, яғ-
ный қақпақтың үстинде ушырасып,
израиллылар ушын саған буйрық-
лар беремен.

## Усынылған нанлар қойылатуғын стол

23 – Акация ағашынан бир
стол ислет. Оның узынлығы еки
шығанақ, ени бир шығанақ, ал
бийиклиги бир ярым шығанақ
болсын. 24 Столды сап алтын ме-
нен қаплатып, ернегине алтын жи-
йек салдыр. 25 Столдың әтирапына
төрт ели болған қаптал ислетип,
оны алтын жийек пенен қаплат.
26 Стол ушын төрт алтын ҳалқа
ислетип, оларды столдың төрт
мүйешиндеги төрт туяққа орнат.
27 Столды көтерип алып жүриўге
арналған сырықлар өткизилету-
ғын ҳалқалар қапталларға жақын
орнатылсын. 28 Сырықларды ака-
ция ағашынан ислетип, оларды сап
алтын менен қаплат. Столды усы
сырықлар жәрдеминде көтерету-
ғын болсын. 29 Және де, стол ушын
сап алтыннан табақлар, түтетки
салатуғын тостағанлар, ишимлик
садақалары ушын гүзелер ҳәм ке-
селер ислет. 30 Мениң алдымдағы
столда бәрқулла усынылған нан-
лар турсын.

## Шыра қойғыш

31 – Сап алтыннан шыра қойғыш
ислет. Оның ултаны, балдағы, ша-
қалары, гүллери ҳәм оның гүлкесе-
лери менен гүлтажлары өзи менен
бир тутас болып шөккишлеп ис-
ленсин. 32 Шыра қойғыштың еки
қапталынан үш-үштен, алты ша-
қа шығып турсын. 33 Шығып тур-
ған ҳәр бир шақада бадам гүлине
уқсас үш гүл ҳәм оның гүлкесе-
лери менен гүлтажлары болсын.
34 Шыра қойғыштың балдағында
бадам гүлине уқсас төрт гүл ҳәм
оның гүлкеселери менен гүлтаж-
лары болсын. 35 Шыра қойғыштан
шығып туратуғын алты шақаның

---

a **25:18** *Керуб* – қанатлы руўхый барлық.

ҳәр бир жубының астында үш гүл-
кесе изли-изинен дизилип турсын.
36 Шыра қойғыш гүлкеселери ҳәм
шақалары менен бир тутас етип,
сап алтыннан шөккишлеп ислен-
син. 37 Шыра қойғыш ушын жети
шыра ислет. Шыраларды шыра
қойғыштың алды бетине жақты
түсирип туратуғындай етип орнат.
38 Пиликлерди тазалайтуғын қыс-
қышлар менен ыдыслар да сап ал-
тыннан болсын. 39 Шыра қойғыш
ҳәм оның барлық буйымлары бир
талант[a] сап алтыннан исленсин.
40 Абайлы бол, булардың ҳәмме-
син саған таўда көрсетилген үлги-
лер бойынша ислет.

### Мухаддес шатырға тийисли көрсетпелер

**26** 1 – Ал Мухаддес шатырды
он перделен қур. Перделер
ҳасыл зығыр жиптен, жүннен ийи-
рилген қызғыш көк, шым қызыл
ҳәм қырмызы жиплерден исленип,
үстине керублардың сүўретлери
шеберлик пенен кестеленсин. 2 Ҳәр
бир пердениң узынлығы жигирма
сегиз шығанақ, ени төрт шығанақ
болсын. Ҳәмме пердениң өлше-
ми бирдей болсын. 3 Перделер бе-
сеў-бесеўден бир-бирине қосып
тигилсин. 4 Биринши бес перденің
шетине қызғыш көк жиптен илгек-
лер ислет. Екинши бес пердениң ше-
тине де солай ислет. 5 Биринши бес
пердениң дәслепки пердесине елиў,
екинши бес пердениң соңғы перде-
сине елиў илгек тиктир. Илгеклер
бир-бирине қарама-қарсы жайлас-
қан болсын. 6 Және де, елиў алтын
илмек ислетип, олар жәрдеминде
перделерди бир-бирине бириктир.
Сонда шатыр бир тутас болады.
7 Мухаддес шатырдың үстин жа-
быў ушын, ешки жүнинен он бир
перде ислет. 8 Ҳәр бир пердениң
узынлығы отыз шығанақ, ени төрт
шығанақ болсын. Он бир перде-
ниң өлшеми бирдей болсын. 9 Бес
пердени бир бөлек, қалған алты
пердени бир бөлек қылып, бир-
бири менен бириктир. Алтыншы
пердени шатырдың алды бетине
еки қабатлап бүклеп қойғыз. 10 Со-
лай етип, бириктирилген еки бө-
лек перделерди бир-бирине қосыў
ушын, ҳәр бир бөлектиң шетлери-
не елиў-елиўден илгек ислет. 11 Та-
ғы да, қоладан елиў илмек ислет.
Илгеклерди илмеклер менен ил-
дирип, шатырдың перделерин бир
тутас қылып бириктир. 12 Шатыр-
дың перделеринен аўысқан ярым
перде шатырдың арт жағына асып
қойылсын. 13 Ал перделердиң узын-
лығынан аўысқан бир шығанақ та-
ўар шатырдың еки жағынан төмен
салбырап, шатырды жаўып турсын.
14 Шатыр ушын қызылға боялған
қошқар терисинен жапқыш, оның
үстине жумсақ териден сыртқы
жапқыш ислет.
15 Акация ағашынан шатыр
ушын тиккесине туратуғын тах-
тайлар ислет. 16 Ҳәр бир тахтай-
дың узынлығы он шығанақ, ени
бир ярым шығанақ болсын. 17 Ҳәр
бир тахтайдың астына бир-бири-
не қатарластырып, еки туяқтан
өзинен шығарып ислет. Шатыр-
дың ҳәмме тахтайларын усылай

---

a **25:39** *Бир талант* – шама менен 34 кг.

ислет. 18 Шатырдың қубла тәре-
пи ушын жигирма тахтай ислет.
19 Усы жигирма тахтайдың астына
қойылатуғын қырық гүмис ултан
ислет. Ҳәр бир тахтайдың туяғы-
ның астында бир ултаннан болыўы
ушын, ҳәр бир тахтайға еки ултан-
нан ислет. 20 Шатырдың арқа тә-
репи ушын жигирма тахтай ислет.
21 Ал ҳәр бир тахтайдың астына
еки ултаннан қойыў ушын, қырық
гүмис ултан ислет. 22 Шатырдың
батысқа қараған арт жағы ушын
алты тахтай, 23 шатырдың артын-
дағы мүйешлер ушын еки тахтай
ислет. 24 Бул мүйешлердеги тах-
тайлар төменнен жоқарыға дейин
жупласып, жоқарыдағы бир ҳалқа
менен бириктириледи. Еки мүйеш
те усылай исленсин. 25 Солай етип,
сегиз тахтай ҳәм ҳәр бир тахтайдың
астына еки ултаннан қойыў ушын,
он алты гүмис ултан болады.

26 Акация ағашынан шатырдың
бир тәрепиндеги тахтайлар ушын
бес қада, 27 екинши тәрепиндеги
тахтайлар ушын бес қада ҳәм ар-
тындағы, яғный батыс тәрепиндеги
тахтайлар ушын да бес қада ислет.
28 Ал тахтайлардың орта белинен
өтетуғын қадаларды шатырдың бир
шетинен екинши шетине жетету-
ғын қылып ислет. 29 Тахтайларды
ҳәм қадаларды алтын менен қапла-
тып, қадалар өткерилетуғын ҳал-
қаларды алтыннан ислет.

30 Мухаддес шатырды таўда өзиңе
көрсетилген үлги бойынша ислет.

31 Жүннен ийирилген қызғыш
көк, шым қызыл, қырмызы жип-
лерден ҳәм ҳасыл зығыр жиптен
бир перде ислет. Оның үстине ке-
рублардың сүўретлерин шеберлик
пенен кестелет. 32 Акация ағашынан
төрт бақан ислетип, оларды төрт
гүмис ултанға орнат. Бақанлар-
ды алтын менен қаплатып, оларға
алтын айры илдиргишлер илдир
ҳәм усы илдиргишлерге пердени
қыстыр. 33 Пердени шатырдың жо-
қарысындағы илмеклердиң төме-
нине, айры илгишлерге илдир ҳәм
ишки тәрепине Келисим сандығын
киргизип қой. Бул перде Мухаддес
бөлме менен Ең мухаддес бөлме-
ни бир-биринен айырып турады.
34 Қақпақты Ең мухаддес бөлмеде
болған Келисим сандығының үсти-
не қой. 35 Столды перdeниң сыртқы
жағына, шатырдың арқаға қараған
тәрепине орналастыр. Шыра қой-
ғышты столдың қарсысына, ша-
тырдың қубла тәрепине қой.

36 Шатырдың кирер аўзына жүн-
нен ийирилген қызғыш көк, шым
қызыл, қырмызы жиплерден ҳәм
ҳасыл зығыр жиптен нағыслы
перде тоқыт. 37 Пердени илдириў
ушын, акация ағашынан бес ба-
қан ислетип, оларды алтын менен
қаплат ҳәм үстине алтын айры ил-
диргишлер орнат. Бақанлар ушын
қоладан исленген бес ултан қуйдыр.

## Қурбанлықлар жандырылатуғын орын

**27** 1 – Акация ағашынан төрт
мүйешли қылып, қурбан-
лық орын дүзет. Орынның узын-
лығы да, ени де бес шығанақ, ал
бийиклиги үш шығанақ болсын.
2 Оның төрт мүйешине өзинен
шығып туратуғын шақлар ислеп,
орынды ҳәм шақларын қола менен
қаплат. 3 Орын ушын күлге арнал-
ған ыдыслар менен белшелер, қан

себетуғын табақлар, шанышқылар
ҳәм шоқ салынатуғын ыдыслар ис-
лет. Олардың ҳәммесин қоладан
ислет. 4 Қурбанлық орынға қоладан
тор сыяқлы нағыс ҳәм оның төрт
мүйешине қоладан төрт ҳалқа ислет.
5 Тор нағысты қурбанлық орынның
ортасына жететуғындай қылып,
жийегиниң астынан ислет. 6 Орын
ушын акация ағашынан сырықлар
ислетип, оларды қола менен қап-
лат. 7 Қурбанлық орынды көтерип
жүриў ушын, орынның еки қапта-
лындағы ҳалқалардан усы сырық-
ларды өткизип қой. 8 Орын ағаштан
исленип, иши бос болсын. Орынды
таўда саған көрсетилгендей қылып
ислет.

### Мухаддес шатырдың ҳәўлиси

9 – Мухаддес шатырдың ҳәўли-
син қур. Ҳәўлиниң қубла тәрепине
узынлығы жүз шығанақ болған, ҳа-
сыл зығыр жиптен тоқылған перде-
лер тақ. 10 Перделер ушын қоладан
исленген жигирма ултанға жигир-
ма бақан орнат. Ал бақанның айры
илдиргишлери менен карнизлери
гүмистен болсын. 11 Арқадағы узын
тәрепи ушын узынлығы жүз шыға-
нақ болған перделер, жигирма ба-
қан ҳәм бақанлар ушын қоладан
жигирма ултан исленсин. Бақан-
лардың айры илдиргишлери ме-
нен карнизлери гүмистен болсын.
12 Ҳәўлиниң батыс тәрепинде-
ги ени ушын узынлығы елиў шы-
ғанақ болған перде, он бақан ҳәм
оған он ултан исленсин. 13 Ҳәўли-
ниң шығысқа қараған алдыңғы тә-
репиниң ени елиў шығанақ болсын.
14 Усы кирер аўыздың бир тәрепинде
узынлығы он бес шығанақ перде, үш
бақан ҳәм үш ултан болсын. 15 Оның
екинши тәрепинде де узынлығы он
бес шығанақ перде, үш бақан ҳәм үш
ултан болсын. Кирер аўыздың еки
тәрепи де усындай болсын.
16 Ҳәўлиниң кирер аўзына жүн-
нен ийирилген қызғыш көк, шым
қызыл ҳәм қырмызы жип ҳәм ҳа-
сыл зығыр жиптен узынлығы жи-
гирма шығанақ болған нағыслы
перде тоқыт. Оған төрт бақан ҳәм
төрт ултан исленсин. 17 Ҳәўлиниң
әтирапындағы барлық бақанлар
гүмис карнизлер ҳәм гүмис айры
илдиргишлер менен бириктирил-
син. Олардың ултанлары қола бол-
сын. 18 Ҳәўлиниң узынлығы жүз,
ени елиў, ал әтирапындағы ҳасыл
зығыр жибинен тоқылған перде-
лердиң бийиклиги бес шығанақ
болсын. Ултанлар қоладан болсын.
19 Шатырға тийисли барлық затла-
ры, шатырдың ҳәм ҳәўлиниң бар-
лық қазықлары қоладан болсын.

### Шыралар ушын май

20 – Шыралар ҳәр күни түн-
де жанып турыўы ушын, Израил
халқына сапалы зәйтүн майынан
әкелиўди буйыр. 21 Харон ҳәм оның
уллары Ушырасыў шатырында, Ке-
лисим сандығының алдындағы
перделиң сыртында, кештен таң-
ға дейин шыралардың Мениң ал-
дымда жаныўын тәмийинлесин.
Бул израиллылар ушын әўладлар
бойы мәңги қағыйда болсын.

### Руўханийлердиң кийимлери

28 1 – Руўханий болып, Ма-
ған хызмет етиўи ушын,
израиллылар арасынан әжағаң Ха-
ронды, оның уллары Надаб, Абиҳу,

Элазар ҳәм Итамарды жаныңа ал.
2 Әжағаң Харонның мәртебели бо-
лып, көркем көриниўи ушын, оған
мухаддес кийимлерди тиктирип
бер. 3 Мен айрықша қәбилет бер-
ген адамларға айт, олар Харонның
Маған бағышланып, руўханийлик
етиўи ушын, оған кийим тиксин.
4 Олар мына кийимлерди тиксин:
қалталы өңирше, эфод, баҳалы
үст кийим, нағыслы узын көйлек,
сәлле ҳәм белбеў. Руўханий болып
Маған хызмет қылыўы ушын, олар
әжағаң Харонға ҳәм оның уллары-
на бул мухаддес кийимлерди тик-
син. 5 Олар алтын, және жүннен
ийирилген қызғыш көк, шым қы-
зыл, қырмызы жиплерди ҳәм ҳа-
сыл зығыр жибин қоллансын.

## Эфод

6 – Эфодты[a] алтын сабақ, қыз-
ғыш көк, шым қызыл ҳәм қырмызы
жиплер менен ҳасыл зығыр жиптен
шеберлик пенен нағыслап ислесин.
7 Оның алдыңғы ҳәм артқы тәреп-
лерин бир-бири менен бириктириў
ушын, ийин арқалы өтетуғын еки
баўы болсын. 8 Эфодтың жоқары-
сына бириктирилген ҳалда бел-
беў ислет. Бул эфод сыяқлы алтын
сабақ, қызғыш көк, шым қызыл,
қырмызы жиплер ҳәм ҳасыл зы-
ғыр жиптен исленсин. 9 Кейин сен
еки оникс тас алып, оларға Израил
улларының атларын ойып жаздыр.
10 Жасына қарап, алтаўын биринши
тасқа, қалған алтаўын екинши тас-
қа ойып жаздыр. 11 Устаның тасқа
мөрди ойып жазғанындай, Израил
улларының атларын да еки тасқа
ойып жаздыр ҳәм тасларды өрме
нағыслы алтын қаснаққа қондыр.
12 Соңынан усы тасларды эфод-
тың ийин баўларына орнат. Харон
Жаратқан Ийениң, яғный Мениң
алдыма киргенде, сол таслар Из-
раилдың он еки урыўын еслетип
турыў ушын, ол еки ийин баўында
бул тасларды алып жүреди.
13 Алтыннан және өрме нағыс-
лы еки қаснақ ислет. 14 Сап алтын-
нан өрилген шынжырлар ислетип,
оларды қаснақларға бириктир.

## Өңирше

15 – Қудайдың еркин билиўде қол-
ланылатуғын қалталы өңирше ис-
лет. Оны да эфод сыяқлы алтын
сабақ, қызғыш көк, шым қызыл,
қырмызы жиплер ҳәм ҳасыл зығыр
жиптен шеберлик пенен нағыслап
ислет. 16 Өңирше төрт мүйешли ҳәм
еки қабатлы болып, узынлығы да
бир қарыс, ени де бир қарыс болсын.
17 Өңиршеге төрт қатар қылып ҳа-
сыл тасларды қада. Биринши қатар-
да сердолик, хризолит ҳәм зүмрет,
18 екинши қатарда периўза, лазурит
ҳәм гагат, 19 үшинши қатарда яқыт,
агат ҳәм аметист, 20 төртинши қа-
тарда сары яқыт, оникс ҳәм яшма
болсын. Таслар алтын қаснақлар-
ға орнатылыўы тийис. 21 Таслар он
еки болып, оларға мөр ойылғандай
қылып, Израилдың он еки улының
атлары бирме-бир ойылып жазыл-
сын. Бул таслар Израилдың он еки
урыўының тымсалы болсын.
22 Қалталы өңирше ушын сап ал-
тыннан өрилген шынжырлар ис-
лет. 23 Тағы да, еки алтын ҳалқа да

a **28:6** *Эфод* – сөзликке қараң.

ислетип, оларды өңиршениң үстин-
ги еки мүйешине тақ. 24 Өрилген
еки алтын шынжырдың бир ушын
өңиршедеги ҳалқаларға илдир. 25 Ал
екинши ушын ийин баўлардағы еки
қаснаққа беккемлеп, эфодтың ал-
ды бетине байла. 26 Және еки алтын
ҳалқа ислет. Оларды өңиршениң
астынғы еки шетине, эфодқа жа-
қын болған ишки жийегине тақ.
27 Тағы да, еки алтын ҳалқа ислет.
Оларды эфодтың алды бетиндеги
ийин баўлардың астынан, тигиске
жақын қылып, белбеўдиң жоқары-
сынан тақ. 28 Қалталы өңиршениң
ҳалқалары менен эфодтың ҳалқала-
ры қызғыш көк баўлар менен бир-
бирине байлансын. Сонда өңирше
эфодтан айырылмай, эфодтың бел-
беўиниң жоқарысында турады.
29 Солай етип, Харон ҳәр са-
пар Мухаддес орынға киргенде,
Жаратқан Ийениң алдында мәң-
гиге естелик болыўы ушын, Израил
улларының атлары жазылған өңир-
шени жүрегиниң тусында көтерип
жүреди. 30 Усы қалталы өңирше-
ге Урим менен Туммимди[a] салып
қой. Харон Мениң алдыма келгенде,
олар Харонның жүрегиниң тусында
болсын. Харон израиллыларға Ме-
ниң еркимди билдириў ушын қол-
ланатуғын Урим менен Туммимди
Жаратқан Ийениң алдында бәрқул-
ла жүрегиниң тусында алып жүрсин.

### Руўханийлердиң басқа кийимлери

31 – Эфодтың ишинен кийилету-
ғын баҳалы кийим толық қызғыш
көк жиптен ислensин. 32 Онда бас
сыятуғын орын болсын. Ол сөти-
лип кетпеўи ушын, оның жийекле-
рин айландырып тоқыт. 33-34 Усы
кийимниң етегине қызғыш көк,
шым қызыл ҳәм қырмызы жип-
лерден исленген анарды ҳәм оның
араларына кишкене алтын қоңы-
раўларды гезекпе-гезек тақтыр.
35 Харон хызмет еткенде, усы ки-
йимди кийсин. Ол Мухаддес орын-
ға киргенде ҳәм шыққанда қоңыраў
сести еситилсин, сонда ол өлмей
аман қалады.
36 Сап алтыннан таж сыяқлы
маңлайша ислетип, оған мөр ой-
ғандай қылып: «Жаратқан Ийеге
бағышланған» деп жаздыр. 37 Маң-
лайшаны қызғыш көк баў менен
сәллениң алды бетине байлап қой.
38 Солай етип, израиллылар Маған
арнап мухаддес сыйларын әкел-
генде, қәтеге жол қойса, олардың
айыпларын Харон өз мойнына ала-
ды. Мениң олардың қурбанлықла-
рын қабыл алыўым ушын, Харон
маңлайшаны бәрқулла маңлайына
тағып жүриўи тийис.
39 Ҳасыл зығырдан бир узын көй-
лек нағыслап тоқыт ҳәм ҳасыл зы-
ғырдан бир сәлле ислет. Және де,
нағыслы белбеў тоқыт.
40 Харонның уллары мәртебели
болып, көркем көриниўи ушын,
оларға узын көйлеклер, белбеўлер
ҳәм кишигирим сәллелер тиктир.
41 Бул кийимлерди әжағаң Харонға
ҳәм оның улларына кийдир. Олар-
дың басларына май қуйып, руў-
ханийлик ўазыйпасына тайынла.

---

a **28:30** *Урим менен Туммим* – бул Қудайдың еркин билиў ушын арналған таслар болып, оларды шек таслаў жолы менен қолланған болыўы мүмкин.

Усылай етип, олардың хызмет ети-
ўи ушын, Маған бағышла.
42 Дененің ашық жерлери кө-
ринип қалмаўы ушын, оларға зы-
ғырдан диз кийимлер тиктир. Бул
кийимлер белинен дизесине дейин
жаўып турсын. 43 Харон ҳәм оның
уллары Ушырасыў шатырына кир-
генде ямаса Мухаддес жерде хыз-
мет етиў ушын қурбанлық орынға
жақынлағанда, усы кийимлерди
кийиўи тийис. Болмаса, олар айып-
лы болып, өлип қалады. Харон ҳәм
оның урпақлары ушын бул мәңги
қағыйда болсын.

### Руўханийликке тайынланыў

**29** 1 – Харонды ҳәм оның ул-
ларын руўханий қылып,
Маған хызмет етиўге бағышлаў
ушын мыналарды исле: минсиз
бир буға ҳәм еки қошқар ал. 2 Са-
палы бийдай унынан ашытқысыз
нанлар, зәйтүн майы қосылған
ашытқысыз шөреклер ҳәм үстине
зәйтүн майы жағылған пәтирлер
жаптыр. 3 Оларды бир себетке са-
лып, буға ҳәм қойлар менен бирге
Маған алып кел. 4 Харон ҳәм оның
улларын Ушырасыў шатырының
кирер аўзының алдына әкелип,
оларды суў менен жуўыныў рәси-
минен өткиз. 5 Кейин руўханий-
лик кийимлерин ал да, Харонға
узын көйлек, баҳалы үст кийим
ҳәм эфодты кийгизип, қалталы
өңиршени тақ. Эфодтың белбеўин
белине байла. 6 Харонның басына
сәлле орап, алдыңғы жағына му-
хаддес тажды тағып қой. 7 Соңы-
нан майлайтуғын зәйтүн майын
алып, оның басына қуйып, оны
майла. 8 Кейин Харонның улларын
алып келип, оларға узын көйлек-
лерди кийгиз. 9 Беллерине белбеў
байлап, басларына кишигирим
сәлле ора. Харон ҳәм оның урпақ-
лары қағыйда бойынша мәңгиге
руўханийлер болып қалады. Усы-
лайынша, Харон ҳәм оның улла-
рын хызметке тайынла.
10 Кейин Ушырасыў шатыры-
ның алдына буғаны алып келип,
Харон ҳәм оның улларының қол-
ларын буғаның басына қойдыр.
11 Буғаны Мениң алдымда, Ушы-
расыў шатырының алдында шал.
12 Оның қанын бармағың менен
қурбанлық орынның шақлары-
на сүрт. Қалған қанның ҳәммесин
орынның түбине төк. 13 Малдың
ишеклерин қаплаған шарбы май-
ларын, баўырының төменги ушын,
еки бөтекесин ҳәм олардың майла-
рын қурбанлық орынның үстинде
түтетип жандыр. 14 Ал буғаның гө-
шин, терисин ҳәм дәрисин орданың
сыртында жағып жибер. Бул – гүна
ушын қурбанлық.
15 Соң бир қошқар әкелип, Ха-
рон ҳәм оның улларының қолла-
рын қошқардың басына қойдыр.
16 Қошқарды өзиң шалып, қанын
қурбанлық орынның төрт қапта-
лына серпип жибер. 17 Қошқарды
жиликлерге бөлип, оның ишек-
қарнын ҳәм туяқларын жуўып,
буларды жиликлер менен бастың
үстине қой. 18 Қошқарды толығы
менен қурбанлық орынның үстин-
де түтетип жандыр. Усы Жаратқан
Ийеге арналған жандырылатуғын
қурбанлық, Оған хош ийисли сый
болады.
19 Кейин екинши қошқарды
алып кел. Харон ҳәм оның уллары

қошқардың басына қолларын қой-
ғаннан соң, 20 қошқарды шалып, қа-
нын Харон ҳәм оның улларының оң
қулақларының сырғалығына, оң
қол ҳәм оң аяғының бас бармақ-
ларына сүрт. Аўысқан қанды қур-
банлық орынның төрт қапталына
серпип жибер. 21 Қурбанлық орын-
ның үстиндеги қанды ҳәм майлай-
туғын зәйтүн майын Харонға, оның
улларына ҳәм олардың кийимле-
рине сеп. Сонда Харон ҳәм оның
кийимлери, оның уллары ҳәм олар-
дың кийимлери мухаддес болады.
22 Қошқардың майын, яғный қуй-
рық майын, ишеклерин қаплаған
шарбы майларын, баўырының тө-
менги ушын, еки бөтекесин, бө-
теке майларын ҳәм оң санын ал.
Себеби бул – руўханийликке та-
йынлағанда сойылатуғын қош-
қар. 23 Мениң алдымдағы себеттен
ашытқысыз бир шөрек, зәйтүн ма-
йы қосылған ашытқысыз бир шө-
рек ҳәм бир пәтир ал. 24 Олардың
ҳәммесин Харонның ҳәм оның ул-
ларының қолларына сал. Буларды
Мениң алдымда жоқары көтерип
усыныңлар. 25 Соңынан сол нәрсе-
лерди олардың қолларынан алып,
қурбанлық орында жандырыла-
туғын қурбанлыққа қосып, Маған
хош ийисли сый қылып түтетип
жандыр. Бул – Жаратқан Ийеге, яғ-
ный Маған арналған сый болады.
26 Қошқардың төсин болса, Мениң
алдымда жоқары көтерип усын. Бул
төс сениң пайың болады.
27 Харон ҳәм оның уллары-
ның тайынланыўы ушын сойыл-
ған қошқардың жоқары көтерип
усынылған төсин ҳәм ажыратыл-
ған санын Маған бағышла. 28 Бул
жиликлер садақа болғаны ушын,
израиллылар буларды Харонға ҳәм
оның улларына мәңги пай етип бер-
син. Бул израиллылардың татыў-
лық қурбанлықларынан Жаратқан
Ийеге, яғный Маған усынған сада-
қасы болады.
29 Харонның мухаддес кийимле-
ри өзинен кейин урпақларына қал-
сын. Олар май қуйылып, хызметке
тайынланғанда, сол кийимлерди
кийеди. 30 Мухаддес орында хыз-
мет етиў ушын, Харонның орнына
руўханийликке тайынланатуғын
ҳәм Ушырасыў шатырына килету-
ғын улы жети күн даўамында усы
кийимлерди кийип жүриўи тийис.
31 Руўханийликке тайынлаў рә-
симинде қурбанлық етип берилген
қошқардың гөшин бир мухаддес
жерде қайнат. 32 Олар сол гөшти
ҳәм себеттеги нанды Ушырасыў ша-
тырының кирер аўзының алдында
жесин. 33 Руўханийликке тайынлаў
рәсиминде пәклеў ушын усынылған
нан ҳәм гөшти тек ғана Харон ҳәм
оның уллары жесин. Бул нәрселер
мухаддес болғаны ушын, олардан
басқа адамлардың жеўине болмай-
ды. 34 Бул рәсимде сойылған қур-
банлықтың гөшинен ямаса наннан
азанға дейин аўысып қалса, оларды
жағып жибер. Олар мухаддес бол-
ғанлығы себепли, желинбеўи керек.
35 Буларды Харон ҳәм оның ул-
лары ушын Мениң саған буйыр-
ғанымдай етип орынла. Оларды
руўханийликке тайынлаў рәсими
жети күн даўам етсин. 36 Гүналардан
пәклениў ушын ҳәр күни бир buға
әкел. Қурбанлық орынды пәклеў
ушын гүна қурбанлығын бер ҳәм
оны мухаддес қылыў ушын оған

май серп. **37** Жети күн даўамында
орынды пәклеп, мухаддес қыл. Сол
тәризде қурбанлық орын жүдә му-
хаддес болады. Оған тийип кеткен
ҳәр бир нәрсе де мухаддес болады.

### Күнделикли қурбанлықлар ҳаққында

**38** – Ҳәр күни бир жасар еки ер-
кек тоқлыны қурбанлық орын-
ның үстинде қурбанлыққа бер.
**39** Тоқлының биреўин азанда, ал
екиншисин кеште бер. **40** Бирин-
ши тоқлыға қосып, төрттен бир
ҳин[а] сапалы зәйтүн майына ара-
ластырылған оннан бир эфа са-
палы ун ҳәм ишимлик садақасы
ушын төрттен бир ҳин шарап бер.
**41** Екинши тоқлыны кеште Маған
хош ийисли сый қылып, азанғы-
сындай ғәлле ҳәм ишимлик сада-
қалары менен бирге усын. **42** Бул
жандырылатуғын қурбанлық Ушы-
расыў шатырының кирер аўзы-
ның алдында, Жаратқан Ийениң
алдында әўладлар даўамында ҳәр
күни берилип барылсын. Мен сол
жерде сениң менен ушырасып, сөй-
лесемен. **43** Мен израиллылар менен
сол жерде ушырасаман, шатыр сал-
танатым менен мухаддес болады.

**44** Ушырасыў шатырын ҳәм қур-
банлық орынды мухаддес қыламан.
Харон ҳәм оның улларын да руўха-
ний болып, Маған хызмет етиўи
ушын мухаддес қыламан. **45** Мен
израиллылар арасында жасап,
олардың Қудайы боламан. **46** Сон-
да арасында жасаў ушын, олар-
ды Мысырдан шығарған Қудайы
Жаратқан Ийе Мен екенимди
олар билип алады. Мен – олар-
дың Қудайы Жаратқан Ийемен.

### Түтетки түтетилетуғын орын

**30** **1** – Түтетки түтетиў ушын,
акация ағашынан түтет-
ки түтетилетуғын орын ислет. **2** Ол
төрт мүйешли, узынлығы бир шы-
ғанақ, ени бир шығанақ, бийиклиги
еки шығанақ болып, өзинен шығып
туратуғын шақлары менен бир ту-
тас қылып исленсин. **3** Орынның
үстин, қапталларын ҳәм шақларын
сап алтын менен қаплап, әтирапы-
на алтын жийек ислет. **4** Еки қап-
талындағы жийектиң астына еки
алтын ҳалқа орнат. Орынды көте-
рип жүриў ушын, усы ҳалқалардан
сырықлар өткизиледи. **5** Сырық-
ларды акация ағашынан ислетип,
алтын менен қаплат. **6** Орынды
Келисим сандығының, яғный сан-
дықтың үстиндеги гүнадан пәклеў
қақпағының алдындағы перדениң
сыртына, Мен сениң менен ушыра-
сатуғын жердиң сыртына қой.

**7** Харон ҳәр күни азанда шы-
раларды таярлағанда, орынның
үстинде хош ийисли түтетки тү-
тетсин. **8** Ал кешқурын шыраларды
жаққанда, және түтетки түтетсин.
Солай етип, Мениң алдымда әў-
ладлар бойы түтетки үзликсиз жа-
нып турады. **9** Орынның үстинде
жат болған түтетки түтетпең ҳәм
бунда жандырылатуғын қурбан-
лық та, ғәлле садақасын да бермең.
Оның үстине ишимлик садақасын
да қуймаң. **10** Харон жылына бир
рет гүналардың кеширилиўи ушын
берилген қурбанлықтың қанын

---

а **29:40** *Төрттен бир ҳин* – бир ҳин шама менен 3,7 л.

түтетки түтетилетуғын орынның
шақларына сүртип, орынды пәк-
лейди. Бул ҳәр жылы, әўладлар
бойы даўам етсин. Орын Маған,
Жаратқан Ийеге бағышланған бо-
лып, жүдә мухаддесдур.

### Мухаддес шатыр ушын төленетуғын қун

[11] Соңынан Жаратқан Ийе Муўсаға былай деди:
[12] – Израиллылардың есабын ал-
ғанында, есаптан өткен ҳәр бир
адам өз жаны ушын Маған қун тө-
лесин. Сонда олардың есабын алға-
нында, оларға апат келтирмеймен.
[13] Есаптан өтетуғын ҳәр бир адам
Маған Мухаддес орын өлшеми ме-
нен ярым шекел гүмис нәзир бер-
син. Бир шекел жигирма герадан[a]
ибарат. [14] Жигирма ҳәм оннан жо-
қары жастағы есаптан өтетуғын
адамлар Маған нәзир бериўи ти-
йис. [15] Жаныңыздың қуны сыпа-
тында усы нәзирди бергениңизде,
бай адам ярым шекелден артық, ал
жарлы адам ярым шекелден кем
бермеўи керек. [16] Израиллылардың
қун сыпатында берген гүмисле-
рин алып, Ушырасыў шатырының
хызметинде қоллан. Бул Жаратқан
Ийениң алдында жанларыңыздың
қуны төленгенин еслетип турады.

### Қоладан исленген үлкен ләген

[17] Және Жаратқан Ийе Муўсаға былай деди:
[18] – Жууўыныў ушын, қоладан үл-
кен ләген ислет. Оның туяқлары
да қоладан болсын. Ләгенди Ушы-
расыў шатыры менен қурбанлық
орынның арасына қойып, иши-
не суў қуй. [19] Харон ҳәм оның
уллары аяқ-қолларын оған жууўа-
ды. [20] Олар Ушырасыў шатыры-
на кирместен, яғный Жаратқан
Ийеге сыйлар түтетип жандырыў
ушын қурбанлық орынға жақын-
ламастан алдын, өлип қалмаўы
ушын, сууға жууўынып алыўы ти-
йис. [21] Өлип қалмаўы ушын олар
аяқ-қолларын жууўсын. Харон ҳәм
оның урпақлары ушын бул мәңги
қағыйда болып қалады.

### Майлаў рәсимине арналған май

[22] Жаратқан Ийе Муўсаға тағы былай деди:
[23] – Мына ең жақсы хош ийисли
затларды ал: 500 шекел суйық мир-
ра[b], усының ярымына тең, яғный
250 шекел корица, 250 шекел ийис-
ли қамыс [24] ҳәм 500 шекел кассия[c].
Ҳәммеси Мухаддес орын өлшеми
менен өлшенсин. Бир ҳин зәйтүн
майын алып, [25] буларды шеберлик
пенен араластырып, хош ийис-
ли мухаддес май исле. Ол майлаў
рәсимине арналған мухаддес май
болады. [26] Бул майды Ушырасыў
шатырына, Келисим сандығы-
на, [27] столға, шыра қойғышқа ҳәм
оларға тийисли ҳәмме буйымлар-
ға, түтетки түтетилетуғын орынға,
[28] қурбанлық жандырылатуғын
орынға ҳәм оның ҳәмме буйым-
ларына, үлкен ләгенге ҳәм оның

---

[a] **30:13** *Жигирма гера* – бир гера шама менен 0,5 гр.
[b] **30:23** *Мирра* – хош ийисли шайыр.
[c] **30:24** *Кассия* – корица сыяқлы хош ийисли қабық.

туяқларына серпип шық. [29] Сол тә-
ризде оларды мухаддес қыл. Сонда
олар жүдә мухаддес болады. Олар-
ға тийген һәр бир нәрсе де мухад-
дес болады.
[30] Соң, руўханий болып Маған
хызмет етиўи ушын, Харон һәм
оның улларын майлап, оларды ба-
ғышла. [31] Ал израиллыларға бы-
лай деп айт: «Бул майлайтуғын
мухаддес май әўладлар даўамын-
да тек Мен ушын қолланылады.
[32] Оны басқа адамлардың дене-
сине сүртиўге болмайды. Усын-
дай қурамдағы майды өзлериңизге
таярламаңлар. Ол мухаддес һәм
сизлер ушын да мухаддес болыўы
керек. [33] Ким де ким усындай май-
ды таярлап, оны руўханий болма-
ған адамға жақса, ол Израил халқы
арасынан жоқ қылынады».

## Хош ийисли затлар

[34] Кейин Жаратқан Ийе Муўсаға
былай деди:
– Мына хош ийисли затларды:
бальзамды, моллюск бақанша-
ғын, галбан шайырын һәм та-
за ливан шайырын ал. Олардың
һәммеси бирдей мөлшерде бол-
сын. [35] Буларды шеберлик пе-
нен араластырып, түтетки исле.
Олар дузланған, сап һәм мухад-
дес болады. [36] Оның бир бөлегин
алып, майдалап унта һәм Мениң
сен менен ушырасатуғын Ушы-
расыў шатырымдағы Келисим
сандығының алдына қой. Сиз-
лер ушын ол жүдә мухаддес бола-
ды. [37] Өзлериңиз ушын усындай
қурамдағы түтетки ислемеңлер.
Оны Жаратқан Ийеге арналған
мухаддес деп санаңлар. [38] Ким де
ким өзи ушын түтетиўге усындай
түтетки ислесе, ол халық арасы-
нан жоқ қылыныўы тийис.

## Мухаддес шатырды ислейтуғын усталар

31 [1] Жаратқан Ийе Муўсаға
былай деди:
[2] – Минекей, Мен Яһуда уры-
ўынан болған Хурдың ақлығы,
Урийдиң улы Бесалелди таңла-
дым. [3] Оны Қудайдың Руўхына
толтырып, оған өнерментшилик-
тиң барлық тараўларында қәбилет,
уқып һәм шеберлик бердим. [4] Ол
алтын, гүмис һәм қоладан көр-
кем ислерин ислеўге, [5] һасыл тас-
ларды жонып қондырыўға, ағаш
усташылығы бойынша һәм һәр
түрли өнерментшилик ислерин
ислеўге қәбилетли. [6] Және де, Дан
урыўынан болған Ахисамахтың
улы Оһолиабты оған жәрдемши
қылып бердим. Саған буйыр-
ған ислеримниң һәммесин ислей
алыўы ушын, Мен оларға жәр-
дем беретуғын барлық адамларға
айрықша қәбилет бердим. [7] Олар
Ушырасыў шатырын, Келисим
сандығын, сандықтың үстинде-
ги қақпақты, шатырдағы барлық
буйымларды, [8] стол һәм оның бу-
йымларын, сап алтын шыра қой-
ғышты һәм оның буйымларын,
түтетки түтетилетуғын орынды,
[9] қурбанлық жандырылатуғын
орынды һәм орынның һәмме бу-
йымларын, үлкен ләген һәм оның
туяқларын, [10] сондай-ақ, руўха-
ний Харон ушын әжайып қылып
тигилген мухаддес кийимлерди,
оның улларының руўханийлик ки-
йимлерин, [11] майлайтуғын зәйтүн

майын, Мухаддес орын ушын хош
ийисли түтеткини, улыўма ҳәмме-
син Мениң саған буйырғанымдай
қылып ислесин.

### Шаббат күни

12 Соңынан Жаратқан Ийе Муў-
саға былай деди:
13 – Израиллыларға мыналар-
ды айт: «Мениң Шаббатыма әмел
қылыңлар. Себеби бул Мен ҳәм
Израил халқы арасындағы әўлад-
лар бойы даўам ететуғын бир ны-
шан болады. Солай етип, Жаратқан
Ийе екенимди ҳәм сизлерди Өзиме
ажыратып алып, мухаддес қылға-
нымды билип аласызлар.
14 Шаббат күнине әмел қылыңлар.
Өйткени бул сизлер ушын мухад-
дес. Ким де ким оны хорласа, ол
сөзсиз өлтирилсин. Сол күни жу-
мыс ислеген ҳәр бир адам өз хал-
қының арасынан жоқ қылыныўы
тийис. 15 Алты күн жумыс ислеңлер,
бирақ жетинши күн Жаратқан Ийе-
ге арналған толық дем алатуғын
мухаддес Шаббат күни. Усы күни
жумыс ислеген ҳәр бир адам сөзсиз
өлтирилсин. 16 Израиллылар мәң-
ги келисим сыпатында Шаббат кү-
нин, әўладлар даўамында сақласын.
17 Бул Мениң менен израиллылар
арасындағы мәңгилик бир нышан
болады. Себеби Мен, Жаратқан
Ийе аспан ҳәм жерди алты күнде
жараттым, ал жетинши күни дем
алып, ҳәллендим».
18 Солай етип, Қудай Синай та-
ўында Муўса менен сөйлесип бо-
лып, оған буйрықлар жазылған
еки тасты берди. Қудай бул буй-
рықларды тасларға Өз қолы менен
жазған еди.

### Алтын тана

32 1 Халық Муўсаның таўдан
түспей, иркилип атырға-
нын көргенде, Харонның әтира-
пына жыйналды да:
– Қәне, бизлерге баслап алып жү-
ретуғын қудай соғып бер. Өйтке-
ни бизлерди Мысыр жеринен алып
шыққан сол Муўса деген адамға не
болғанын билмеймиз, – деди.
2 Харон оларға:
– Ҳаялларыңыз, улларыңыз ҳәм
қызларыңыздың қулақларындағы
алтын сырғаларды шешип, маған
алып келиңлер, – деди.
3 Сонда пүткил халық қулақ-
ларындағы сырғаларын дәрҳал
жулып алды да, оларды Харонға
берди. 4 Харон сырғаларды алып,
олардан тананың мүсинин соқты.
Сонда халық: «Ҳәй, Израил! Сиз-
лерди Мысыр жеринен алып шық-
қан қудайыңыз усы болады», – деди.
5 Харон буны көрип, тананың ал-
дына бир қурбанлық орын қурды
да: «Ертең Жаратқан Ийеге арнап
байрам болады», – деп жәриялады.
6 Ертеңине азанда халық жандыры-
латуғын қурбанлықлар берди ҳәм
татыўлық қурбанлықларын усын-
ды. Олар ишип-жеў ушын отырды
ҳәм кейин орынларынан турып,
ойынға түсти.
7 Сонда Жаратқан Ийе Муўсаға
былай деди:
– Тезирек төмен түс. Сениң Мы-
сыр жеринен алып шыққан халқың
жолдан азды. 8 Олар Мен буйырған
жолдан тез шығып кетти. Өзлерине
тананың мүсинин ислеп алып, оған
сыйынды ҳәм қурбанлықлар берип:
«Ҳәй, Израил! Сизлерди Мысыр

жеринен алып шыққан қудайыңыз
усы болады», – деди.
9 Жаратқан Ийе Муўсаға тағы да:
– Бул халықтың қаншелли қайсар екенин билемен.
10 Енди Мени иркпе. Ғәзебим лаўлап, оларды жоқ қыламан ҳәм сеннен уллы халық дөретемен, – деди.
11 Сонда Муўса Қудайы Жаратқан Ийеге жалбарынып былай деди:
– Жаратқан Ийе! Неге Өз халқыңа ғәзебиң лаўлайды? Өзиң оларды Мысыр жеринен уллы қүдиретиң ҳәм күшли қолың менен алып шыққан едиң-ғо.
12 Егер солай ислесең, онда мысырлылар: «Қудай оларды жаман нийет пенен, таўларда өлтирип, жер жүзинен жоқ қылыў ушын алып шығыпты», – деп айтады. Сонлықтан Өзиңниң лаўлаған ғәзебиңди басып, халқыңды жоқ қылыў нийетиңнен қайт.
13 Қулларың Ибрайым, Ысақ ҳәм Израилды есиңе түсир. Оларға Өзиң ҳақы ант ишип: «Урпақларыңызды аспандағы жулдызлар сыяқлы көбейтемен. Сизлерге беремен деп ўәде еткен усы жердиң ҳәммесин урпақларыңызға беремен. Олар сол жерди мәңгиге ийелик етеди», – деген едиң.
14 Солай етип, Жаратқан Ийе халқына жиберемен деген жаманлықты жибериў нийетинен қайтты.
15 Муўса буйрықлар жазылған еки тасты алып, таўдан түсти. Таслардың еки тәрепине де: алдына да, артына да жазылған еди.
16 Тасларды Қудай ислеген болып, таслардағы жазыўларды да Ол ойып жазған еди.
17 Ешуа халықтың бақырысқан даўысын еситкенде, Муўсаға:
– Ордадан урыс шаўқымы еситилип тур, – деди.
18 Муўса оған былай деп жуўап берди:
– Бул урыста жеңиске ерискенлердиң қышқырығына да, жеңилиске ушырағанлардың зарлаған даўысына да уқсамайды. Мен олардың даўыслап қосық айтып атырғанын еситип турыппан.
19 Муўса ордаға жақынлағанда, тананы ҳәм ойынға түсип атырған адамларды көрди. Сонда оның ғәзеби лаўлады ҳәм қолындағы тасларды ылақтырып жиберип, таў етегинде оларды сындырып таслады.
20 Муўса халық соққан тананы отқа жағып жиберди. Оны езип, унтады да, суўға шашып жиберди ҳәм суўды израиллыларға ишкизди.
21 Муўса Харонға:
– Бундай аўыр гүнаға батырғандай, бул халық саған не ислеген еди? – деди.
22 Харон Муўсаға былай деп жуўап берди:
– Ғәзепленбе, мырзам! Бул халықтың жаманлыққа бейим екенин өзиң билесең.
23 Олар маған: «Бизлерди баслап алып жүретуғын қудай соғып бер. Өйткени бизлерди Мысыр жеринен алып шыққан сол Муўса деген адамға не болғанын билмеймиз», – деди.
24 Мен оларға: «Кимде алтын бар болса, оларды шешсин», – дегенимде, олар алтынларын маған берди. Мен оларды отқа таслағанымда, бул тана шыға келди.
25 Муўса Харонның халықты қадағаламай, жүўенсиз жибергенин ҳәм олардың душпанларға масқара болғанын көрди.
26 Сонлықтан

Муўса орданың кирер аўзында турып: «Ким Жаратқан Ийе тәрепинде болса, мениң жаныма келсин», – деди. Сонда пүткил Лебий урыўы оның әтирапына жыйналды.
27 Муўса оларға:
– Израилдың Қудайы Жаратқан Ийе былай дейди: «Ҳәр бир адам қылышын белине асынсын ҳәм орданың арғы аўзынан берги аўзына дейин аралап шығып, туўысқанын, достысын ҳәм жақынларын өлтирсин», – деди.
28 Лебий урыўының адамлары Муўсаның буйрығын орынлады. Сол күни халықтан үш мыңға жақын адам өлди.
29 Муўса Лебий урыўының адамларына:
– Бүгин сизлердиң ҳәр бириңиз өз улыңыздың ҳәм өз туўысқаныңыздың жанының қуны менен Жаратқан Ийениң хызметине бағышландыңызлар. Бүгин Жаратқан Ийе сизлерге жарылқаўын жаўдырады, – деди.
30 Ал ертеңине Муўса халыққа:
– Сизлер аўыр гүна иследиңлер. Мен ҳәзир Жаратқан Ийениң алдына шығажақпан. Мүмкин, сизлердиң гүналарыңызға кеширим ала алларман, – деди.
31 Соннан соң, Муўса Жаратқан Ийениң алдына қайтып барып:
– Әттең, бул халық аўыр гүна исследи. Олар өзлерине алтын бут соқты.
32 Бирақ, Сен олардың гүналарын кешир. Егер олай ислемесең, Өзиңниң жазған китабыңнан мениң атымды өширип тасла, – деди.
33 Жаратқан Ийе Муўсаға былай деди:
– Ким Маған қарсы гүна ислеген болса, соның атын китабымнан өширип таслайман.
34 Енди бар, халықты саған айтқан жериме апар. Периштем сени баслап барады. Бирақ, олар жуўапқа тартылатуғын күни, Мен оларды гүнасы ушын жазалайман.
35 Солай етип, Жаратқан Ийе халықты Харонға соқтырған танасы ушын жазалады.

### Синайдан кетиўге таярлық

**33** 1 Соңынан Жаратқан Ийе Муўсаға былай деди:
– Барыңлар, өзиң де, сен Мысыр жеринен алып шыққан халқың да бул жерди тәрк етип, Мен Ибрайымға, Ысаққа ҳәм Яқыпқа: «Бул жерди сениң урпақларыңа беремен», – деп ант ишкен жериме кетиңлер.
2 Мен сениң алдыңнан Өз периштемди жиберип, қанан, амор, хет, периз, хиў ҳәм ебус халықларын сол жерден қуўып шығараман.
3 Сүт ҳәм пал ағып турған жерге кетиңлер. Мениң Өзим сизлер менен бармайман, себеби сизлер қайсар халықсыз. Болмаса, сизлерди жолда жоқ қылып жибериўим мүмкин.
4 Халық бул жаман хабарды еситип, қайғыға түсти ҳәм ҳеш ким безениў буйымларын тақпады.
5 Өйткени Жаратқан Ийе Муўсаға: «Израиллыларға былай де: „Сизлер қайсар халықсыз. Егер Мен бир сәтақ сизлер менен бирге барсам, сизлерди жоқ қылыўым мүмкин. Енди безениў буйымларыңызды шешип қойыңлар. Ал сизлерге не ислейтуғыным ҳаққында бир қарарға келемен“», – деген еди.
6 Сонлықтан израиллылар Хореб таўынан шығып кеткеннен кейин безениў буйымларын шешип таслады.

### Орданың сыртына қурылған Ушырасыў шатыры

7 Муўса орданың сыртына, ор-
дадан узағырақ жерге шатыр ти-
гетуғын еди. Ол бул шатырды
«Ушырасыў шатыры» деп атаған
еди. Жаратқан Ийе менен мәслә-
ҳәтлесиўди қәлеген адам орданың
сыртындағы Ушырасыў шатыры-
на келетуғын еди. 8 Муўса шатыр-
ға қарай кеткенде, пүткил халық
орнынан туратуғын еди. Ҳәр бир
адам өз шатырының кирер аўзында
турып, Муўса ишке киргенше изи-
нен қарап туратуғын еди. 9 Муўса
шатырға кирип, Жаратқан Ийе ме-
нен сөйлескенде, минара сыяқлы
булт төмен түсип, шатырдың ки-
рер аўзының алдында туратуғын
еди. 10 Булттың шатырдың алдын-
да турғанын көрген ҳәр бир адам
орнынан турып, өз шатырының
кирер аўзында сыйынатуғын еди.
11 Жаратқан Ийе Муўса менен жүз-
бе-жүз, дос сыяқлы сөйлесетуғын
еди. Кейин Муўса ордаға қайтып
келетуғын еди. Бирақ оның жас
жәрдемшиси Нун улы Ешуа шатыр-
ды тәрк етпейтуғын еди.

### Жаратқан Ийениң бирге болыўға берген ўәдеси

12 Соңынан Муўса Жаратқан Ийе-
ге былай деди:
– Сен маған: «Бул халықты бас-
лап алып жүр», – дейсең. Бирақ
мениң менен кимди жиберетуғы-
ныңды айтпадың. Маған: «Сени
жақыннан таныйман, сен Мениң
мийримиме еристиң», – деген едиң.
13 Егер мен Сениң мийримиңе ерис-
кен болсам, өтинемен, маған Өз
жолыңды көрсет. Сени еле де жақ-
сы билип, мийримиңе ерисип ба-
райын. Бул халықтың Өз халқың
екенин умытпа.
14 Жаратқан Ийе Муўсаға:
– Өзим Сениң менен бирге бара-
ман ҳәм сени тынышлыққа ерис-
тиремен, – деди.
15 Ал Муўса Жаратқан Ийеге бы-
лай деди:
– Егер Сениң Өзиң бизлер менен
бирге бармасаң, бизлерди бул жер-
ден шығарма. 16 Болмаса, мен ҳәм
халқың Сениң мийримиңе ериске-
нимизди қалай билиўге болады?
Сениң бизлерге жолдас болғаның-
нан емес пе? Тек усы арқалы ғана
мен ҳәм Сениң халқың жер жүзин-
деги басқа халықлардан айыры-
лып турамыз.
17 Жаратқан Ийе Муўсаға:
– Айтқаныңдай ислеймен. Себеби
сен Мениң мийримиме еристиң ҳәм
сени жақыннан таныйман, – деди.
18 Сонда Муўса Оған:
– Маған салтанатыңды көрсет, –
деди.
19 Жаратқан Ийе Муўсаға бы-
лай деди:
– Мен пүткил ийгилигимди се-
ниң алдыңнан алып өтип, алдың-
да Өзимниң «Жаратқан Ийе» деген
атымды жәриялайман. Кимге мий-
рим-шәпәәтимди бериўди қәлесем,
соған мийрим-шәпәәтимди бере-
мен. Кимге реҳим етиўди қәлесем,
соған реҳим етемен. 20 Тек Мениң
жүзимди көре алмайсаң. Өйткени
Мениң жүзимди көрген адам тири
қалмайды. 21 Маған жақын жер-
де жартас бар. Сен сол жартастың
үстинде тур. 22 Салтанатым жа-
ныңнан өтип баратырғанда, сени

жартастың жарығына турғызып
қойып, өтип кеткенимше, сени қо-
лым менен жаўып тураман. 23 Ке-
йин қолымды алғанымда, сен Мени
артымнан көресең. Бирақ жүзим-
ди көрмейсең.

### Муўсаның буйрықларды қайтадан алыўы

*(Нзм 10:1-5)*

**34** 1 Жаратқан Ийе Муўсаға
былай деди:
– Бурынғыға уқсаған еки тас жо-
нып ал. Мен усы тасларға алдын
өзиң сындырып таслаған таслардa-
ғы буйрықларды жазаман. 2 Азанға
дейин таярлан. Азан болғанда, Си-
най таўына шығып, таўдың төбе-
синде, Мениң менен ушырасыўға
алдыма бар. 3 Сениң менен бирге
басқа ҳеш ким таўға шықпасын
ҳәм таўдың ҳеш бир жеринде ҳеш
ким көринбесин. Таўдың етегин-
де мал-жанлықлар да отламасын.
4 Муўса бурынғыға уқсаған еки
тас жонып алды. Жаратқан Ийениң
буйырғанындай, ертеңине азан-
да тасларды алып, Синай таўы-
на шықты. 5 Жаратқан Ийе булт
ишинде сол жерге түсип, Муўса-
ның қасында турды ҳәм Өзиниң
«Жаратқан Ийе» деген атын жә-
риялады. 6 Ол Муўсаның алды-
нан өтип:
– Жаратқан Ийемен, Жаратқан
Ийемен. Реҳимли, мийримли, са-
быр-тақатлы, сүйиспеншилиги
уллы ҳәм садық Қудайман. 7 Мы-
ңыншы әўладларға дейин сүйис-
пеншилик көрсетип, айыпларды,
жынаятларды ҳәм гүналарды ке-
шириўшимен. Бирақ ҳеш бир
айыпты жазасыз қалдырмайман.
Ата-бабалардың ислеген айыплары
ушын, олардың улларын, ақлықла-
рын, үшинши ҳәм төртинши әўла-
дын жазалайман, – деди.
8 Сонда Муўса дәрҳал жерге жы-
ғылып, Жаратқан Ийеге сыйын-
ды да:
9 – О, Ийем! Егер мен Сениң мий-
римиңе ерискен болсам, бизлер
менен бирге бар. Бул халық – қай-
сар халық болса да, Сен бизлердиң
айып-гүналарымызды кеширип,
бизлерди Өз халқың сыпатында
қабыл ет, – деди.

### Келисимниң жаңаланыўы

*(Нзм 7:1-5)*

10 Жаратқан Ийе Муўсаға бы-
лай деди:
– Мине, сениң халқың менен ке-
лисим дүземен. Олардың алдында
дүньяда ҳәм басқа халықлар ара-
сында болып көрилмеген кәрамат-
лар ислеймен. Сен арасында жасап
атырған пүткил халық нелер ис-
лейтуғынымды көреди. Мениң сен
ушын ислейтуғын ислерим қорқы-
нышлы болады. 11 Бүгин сизлерге
беретуғын буйрықларыма бойсы-
ныңлар. Амор, қанан, хет, periz,
хиў ҳәм ебус халықларын сизлер-
диң алдыңыздан қуўып шығараман.
12 Өзлериңиз киретуғын елдеги
адамлар менен келисим жасаўдан
аўлақ болың. Себеби бул сизлер
ушын дузақ болады. 13 Олардың
қурбанлық орынларын қыйратып,
кийели тасларын сындырып тас-
лаңлар ҳәм кийели ағашларын ша-
ўып таслаңлар. 14 Басқа қудайларға
сыйынбаң. Өйткени Мен қызға-
ныўшы деген аты бар Жаратқан
Ийемен, қызғаныўшы Қудайман.

15 Сол жердиң халқы менен ҳеш
қандай келисим дүзбең. Болмаса,
олар опасызлық қылып, өз қудай-
ларына арнап қурбанлық шалғанда,
сизлерди де мирәт етеди, сизлер де
олардан жейсизлер. 16 Егер олар-
дың қызларын улларыңызға алып
берсеңиз, онда сол қызлар өз қу-
дайларына ерип, бузықлық қыл-
ғанда, улларыңызды да излерине
ертип кетеди.

17 Өзлериңизге бутлардың мүсин-
лерин соғып алмаң.

18 Сизлерге буйырғанымдай, абиб
айының белгиленген күнлерин-
де жети күн ашытқысыз нан жеп,
Ашытқысыз нан байрамын бай-
рамлаң. Себеби сизлер Мысырдан
абиб айында шықтыңлар.

19 Қарыннан биринши шық-
қанлардың ҳәммеси, барлық ири
ҳәм майда малларыңыздың туң-
ғыш еркек төллери Маған тийис-
ли. 20 Ешектиң биринши туўылған
төлиниң орнына бир қозы берип,
сатып алыңлар. Егер олай етпесе-
ңиз, гүррениң мойнын сындырың.
Барлық туңғыш улларыңыздың қу-
нын өтеўиңиз тийис.

Ҳеш ким алдыма қуры қол кел-
месин.

21 Алты күн жумыс ислеп, жетин-
ши күни дем алың. Егин егиў ҳәм
оны орыў ўақтында да дем алың.

22 Бийдайдың биринши өнимин
жыйнағанда, Ҳәптелер байрамын[a],
ал гүзде Жыйын-терим байрамын
өткизиң. 23 Барлық еркеклериңиз
жылына үш мәрте Ийең болған
Мениң, яғный Израилдың Қудайы
Жаратқан Ийениң алдына келиўи
керек. 24 Мен басқа миллетлерди
алдыңыздан қуўып жиберип, ше-
гараларыңызды кеңейтемен. Жы-
лына үш рет Қудайыңыз Жаратқан
Ийениң алдына келгениңизде, ҳеш
ким жериңизди басып алыўды ни-
йет етпейди.

25 Маған берилген қурбанлық-
тың қанын ашытқы салынған нан
менен усынбаң. Қутқарылыў бай-
рамының қурбанлығы азанға де-
йин қалдырылмасын.

26 Жериңиздиң дәслепки өни-
миниң ең жақсысын Қудайыңыз
Жаратқан Ийениң Үйине алып
келиң.

Ылақтың гөшин өз анасының сү-
тине писирмең.

27 Соннан соң, Жаратқан Ийе
Муўсаға:

– Мына сөзлерди жаз. Себеби Мен
сениң менен ҳәм израиллылар ме-
нен усы сөзлерге тийкарланып, ке-
лисим дүземен, – деди.

28 Муўса сол жерде қырық күн,
қырық түн Жаратқан Ийе ме-
нен бирге болды. Ол ҳеш нәрсе
ишип-жемеди ҳәм келисим сөз-
лерин, яғный он буйрықты тас-
ларға жазды.

## Муўсаның Синай таўынан түсиўи

29 Муўса қолына буйрықлар жа-
зылған еки тасты алып, Синай та-
ўынан түсти. Ол Жаратқан Ийе
менен сөйлескенликтен, жүзи-
нен нур шашып тур еди. Бирақ
буны өзи билмеди. 30 Харон ҳәм
пүткил израиллылар Муўсаның
нур шашқан жүзин көргенде, оған

---

[a] **34:22** *Ҳәптелер байрамы* – Зүрәәт байрамының басқа аты. 23:16 қараң.

жақынласыўға қорқты. [31] Бирақ
Муўса оларды қасына шақырды.
Харон ҳәм жәмийеттиң барлық бас-
шылары оның жанына келди. Муў-
са олар менен сөйлести. [32] Кейин
пүткил Израил халқы оған жақын
келди. Муўса Жаратқан Ийениң
Синай таўында өзине айтқанлары-
ның ҳәммесин орынлаўды халық-
қа буйырды. [33] Муўса олар менен
сөйлесип болғаннан соң, жүзин
жаўлық пенен жаўды. [34] Муўса сөй-
лесиў ушын, Жаратқан Ийениң ал-
дына барғанда, сыртқа шыққанша,
жүзиндеги жаўлықты алып қояту-
ғын еди. Қайтып келгеннен кейин,
ол өзине айтылған буйрықларды
израиллыларға билдиретуғын еди.
[35] Сонда израиллылар оның жү-
зинен нур шашып турғанын көре-
туғын еди. Ал Муўса ишке кирип,
Жаратқан Ийе менен ушырасыўға
дейин, жүзин жаўлық пенен жаўып
қоятуғын еди.

### Дем алыс күни ҳаққында

**35** [1] Муўса Израил халқының
пүткил жәмийетин шақы-
рып алып, оларға былай деди:
– Жаратқан Ийе мына ислерди
ислеўиңизди буйырды: [2] алты күн
жумыс ислең. Бирақ жетинши күн
сизлер ушын Жаратқан Ийеге ар-
налған толық дем алатуғын мухад-
дес Шаббат күни болады. Сол күни
жумыс ислеген ҳәр бир адам өлти-
риледи. [3] Шаббат күни өз шаңарақ-
ларыңызда от та жақпаң.

### Мухаддес шатыр ушын садақалар

[4] Муўса Израил халқының пүт-
кил жәмийетине былай деди:
– Жаратқан Ийениң буйрығы
мынаў: [5] өзлериңизде барынан
Жаратқан Ийеге нәзир бериңлер.
Оған шын кеўилден бериўди қә-
леўшилер мына нәрселерди бер-
син: алтын, гүмис, қола, [6] жүннен
ийирилген қызғыш көк, шым қы-
зыл, қырмызы жип ҳәм ҳасыл зы-
ғыр жип, ешкиниң жүни, [7] қызылға
боялған қошқар териси, жумсақ
тери ҳәм акация ағашы, [8] шыралар
ушын зәйтүн майы, майлаў рәси-
мине арналған май ҳәм хош ийисли
түтетки ушын хош ийисли затлар,
[9] бас руўханийдиң эфодына ҳәм
қалталы өңиршесине тағылату-
ғын оникс ҳәм қымбатбаҳа таслар.
[10] Араңыздағы барлық уқыплы
адамлар келип, Жаратқан Ийениң
буйырғанларының ҳәммесин исле-
син. Олар мыналарды: [11] Мухаддес
шатырды, оның ишки ҳәм сыртқы
жапқышларын, илмеклерин, тах-
тайларын, қадаларын, бақанларын,
ултанларын, [12] Келисим сандығы
ҳәм оның сырықларын, қақпақты,
бөлмени жаўып туратуғын перде-
ни, [13] стол ҳәм оның сырықларын,
столдың барлық буйымларын ҳәм
усынылған нанларды, [14] жақты тү-
сириў ушын шыра қойғышты, оның
буйымларын, оның шыраларын ҳәм
шыралар ушын зәйтүн майын, [15] тү-
тетки түтетилетуғын орын менен
оның сырықларын, майлаў рәсими
ушын зәйтүн майын, хош ийисли
түтеткини, Мухаддес шатырдың
кирер аўзындағы пердени, [16] қур-
банлық жандырылатуғын орынды
ҳәм оның қола торын, сырықларын
ҳәм барлық буйымларын, үлкен лә-
генди ҳәм оның туяқларын, [17] ҳәў-
линиң перделерин, бақанларын,

бақанның ултанларын, ҳәўлиниң
кирер аўзындағы пердени, 18 Му-
хаддес шатырдың қазықларын, ҳәў-
линиң қазықларын ҳәм арқанларын,
19 Мухаддес орында хызмет етиўге
арналып, әжайып қылып тигилген
кийимлерди – рууханий Харонның
мухаддес кийимлерин ҳәм оның
улларының рууханийлик кийим-
лерин ислесин.

20 Соңынан Израил халқының пүт-
кил жәмийети Муўсаның қасынан
кетти. 21 Жүрегинде қәлеў ҳәм тилеги
бар адамлар Ушырасыў шатырының
қурылысы, ондағы хызмет ҳәм му-
хаддес кийимлер ушын, Жаратқан
Ийеге садақалар алып келди. 22 Со-
лай етип, жүрегинде қәлеўи бар ҳәр
бир еркек ҳәм ҳаял ҳәр түрли алтын
буйымларды: билезик, сырға, жүзик
ҳәм ҳәйкеллерди әкелип, Жаратқан
Ийеге бағышлап, усынды. 23 Ким-
де жүннен ийирилген қызғыш көк,
шым қызыл, қырмызы жип, ҳасыл
зығыр жип, ешки жүни, қызылға
боялған қошқар териси ҳәм жум-
сақ тери болса, алып келди. 24 Гүмис
ҳәм қоланы садақа қылып бере ал-
ғанлар да оларды Жаратқан Ийеге
арнады. Кимде акация ағашы бол-
са, оны шатырдың мүтәжликлери
ушын алып келди. 25 Жип ийириў-
ге уқыплы барлық ҳаяллар өз қол-
лары менен ийирген қызғыш көк,
шым қызыл, қырмызы жип ҳәм ҳа-
сыл зығыр жиплерди алып келди.
26 Жүн ийирип билетуғын, жүре-
гинде қәлеўи бар барлық ҳаяллар
да ешки жүнин ийирди. 27 Басшы-
лар эфодқа ҳәм қалталы өңиршеге
тағылатуғын оникс ҳәм қымбатба-
ҳа таслар, 28 шыралар ушын, майлаў
ушын ҳәм хош ийисли түтетки ушын
хош ийисли затлар менен зәйтүн
майын алып келди. 29 Ҳаял, еркек,
жүрегинде қәлеўи бар барлық изра-
иллылар Жаратқан Ийениң Муўса
арқалы ислеўди буйырған ислери
ушын, Жаратқан Ийеге ықтыярлы
садақалар берди.

## Мухаддес шатырды ислейтуғын усталар

30 Муўса израиллыларға былай
деди:
– Минекей, Жаратқан Ийе Яҳуда
урыўынан болған Хурдың ақлығы,
Урийдиң улы Бесалелди таңлап
алды. 31 Оны Қудайдың Рууҳына
толтырып, оған өнерментшилик-
тиң барлық тараўларында қәбилет,
уқып ҳәм шеберлик берди. 32 Солай
етип, оған алтын, гүмис ҳәм қола-
дан көркем ислер ислеўге, 33 ҳа-
сыл тасларды жонып қондырыўға,
ағаш усташылығы бойынша ҳәм
ҳәр қыйлы көркем өнер ислерин
ислеўге қәбилет берди. 34 Жаратқан
Ийе оған ҳәм Дан урыўынан болған
Ахисамах улы Оҳолиабқа басқалар-
ға үйретиў уқыбын да берди. 35 Бул
адамлардың ҳәр қандай исти ислей
алыўы ушын, оларға усташылық,
безеўшилик, қызғыш көк, шым қы-
зыл, қырмызы жип ҳәм ҳасыл зы-
ғыр жиплерден тоқымашылық ҳәм
ҳәр түрли өнерментшилик ислерин
ислеў айрықша қәбилетин берди.

36 1 – Бесалел, Оҳолиаб ҳәм
Жаратқан Ийе Мухаддес
шатырды қурыў ушын қәбилет,
уқып ҳәм шеберлик берген барлық
адамлар ҳәр бир нәрсени Жаратқан
Ийениң буйырғанындай қылып
ислесин.

2 Муўса Бесалелди, Оҳолиабты
ҳәм Жаратқан Ийе қәбилет берген,
ислеўге қәлеўи бар барлық адам-
ларды жумысқа шақырды. 3 Кел-
генлер Мухаддес шатырды қурыў
ушын, израиллылар әкелген бар-
лық садақаларды Муўсадан ал-
ды. Израиллылар ҳәр күни азанда
ықтыярлы садақаларын Муўсаға
әкелиўди даўам етти. 4 Сонда Му-
хаддес шатырды қурыў ислери ме-
нен шуғылланып атырған усталар
ислерин қалдырып, 5 Муўсаның
жанына келди де:

– Халық Жаратқан Ийе буйыр-
ған ис ушын керегинен зыят алып
келмекте, – деди.

6 Сонда Муўса халыққа жәриялa-
ныўы ушын мынадай буйрық бер-
ди: «Енди бирде бир еркек те, ҳаял
да Мухаддес шатыр ушын ҳеш нәр-
се әкелмесин». Солай етип, халық
садақа әкелиўди тоқтатты. 7 Себе-
би сол ўақытқа дейин әкелингенлер
исти питкериўге жететуғын, ҳәтте,
аўысып та қалатуғын еди.

### Мухаддес шатырдың қурылыўы

8 Ислеўшилер арасындағы уқып-
лы адамлар шатырды он перде-
ден қурды. Оларды ҳасыл зығыр
жиптен, жүннен ийирилген қыз-
ғыш көк, шым қызыл ҳәм қырмызы
жиплерден ислеп, үстине керуб-
лардың сүўретлерин шеберлик пе-
нен кестеледи. 9 Ҳәр бир пердениң
узынлығы жигирма сегиз шығанақ,
ени төрт шығанақ еди. Перделер-
диң ҳәммеси бир өлшемде болды.
10 Олар перделерди бесеў-бесеўден
бир-бирине қосып тикти. 11 Бирин-
ши бес пердениң шетине қызғыш
көк жиптен илгеклер тикти. Екин-
ши бес пердениң шетине де солай
иследи. 12 Биринши бес пердениң
дәслепки пердесине елиў, екинши
бес пердениң соңғы пердесине елиў
илгек тикти. Илгеклер бир-бири-
не қарама-қарсы жайласқан еди.
13 Соңынан елиў алтын илмек ис-
леп, олар жәрдеминде перделерди
бир-бирине бириктирди. Сол тә-
ризде шатыр бир тутас болды.

14 Және де, Мухаддес шатырдың
үстин жабыў ушын, ешки жүни-
нен он бир перде иследи. 15 Ҳәр бир
пердениң узынлығы отыз шығанақ,
ени төрт шығанақ еди. Он бир пер-
де де бир өлшемде болды. 16 Олар
бес пердени бир бөлек, қалған алты
пердени бир бөлек қылып, бир-би-
ри менен бириктирди. 17 Усы би-
риктирилген еки бөлек перделерди
бир-бирине қосыў ушын, ҳәр бир
бөлектиң шетлерине елиў-елиўден
илгек тикти. 18 Шатырдың перделе-
рин бир тутас қылып бириктириў
ушын, қоладан елиў илмек иследи.
19 Шатыр ушын қызылға боялған
қошқар терисинен жапқыш, оның
үстине жумсақ териден сыртқы
жапқыш иследи.

20 Тағы да, олар акация ағашы-
нан шатыр ушын тиккесине тура-
туғын тахтайлар иследи. 21 Ҳәр бир
тахтайдың узынлығы он шығанақ,
ени бир ярым шығанақ еди. 22 Ҳәр
бир тахтайдың астына бир-бирине
қатарластырып, еки туяқтан өзи-
нен шығарып иследи. Шатырдың
ҳәмме тахтайларын усылай исле-
ди. 23 Ал шатырдың қубла тәре-
пи ушын жигирма тахтай иследи.
24 Усы жигирма тахтайдың астына
қойылатуғын қырық гүмис ултан

исследи. Ҳәр бир тахтайдың туяғы-
ның астында бир ултаннан болыўы
ушын, ҳәр бир тахтайға еки ултан-
нан исследи. 25 Шатырдың арқа тә-
репи ушын жигирма тахтай 26 ҳәм
ҳәр бир тахтайдың астына еки ул-
таннан қойыў ушын, қырық гүмис
ултан исследи. 27 Ал шатырдың ба-
тысқа қараған арт жағы ушын алты
тахтай 28 ҳәм шатырдың артындағы
мүйешлер ушын еки тахтай исследи.
29 Бул мүйешлердеги тахтайлар
төменнен жоқарыға дейин жупла-
сып, жоқарыдағы бир ҳалқа менен
бириктирилди. Еки мүйеш те усы-
лай исленди. 30 Солай етип, сегиз
тахтай ҳәм ҳәр бир тахтайдың ас-
тына еки ултаннан қойыў ушын, он
алты гүмис ултан исленди.
31 Акация ағашынан шатырдың
бир тәрепиндеги тахтайлар ушын
бес қада, 32 екинши тәрепиндеги
тахтайлар ушын бес қада ҳәм ар-
тындағы, яғный батыс тәрепинде-
ги тахтайлар ушын бес қада исследи.
33 Және де, тахтайлардың орта бе-
линен өтетуғын қадаларды шатыр-
дың бир шетинен екинши шетине
жететуғын қылып исследи.
34 Тахтайларды ҳәм қадаларды
алтын менен қаплап, қадалар өт-
керилетуғын ҳалқаларды алтын-
нан исследи.
35 Жүннен ийирилген қызғыш
көк, шым қызыл, қырмызы жип
ҳәм ҳасыл зығыр жиплерден бир
перде исследи. Оның үстине ке-
рублардың сүўретлерин шеберлик
пенен кестеледи. 36 Перде ушын
акация ағашынан төрт бақан ис-
леп, оларды алтын менен қаплады.
Олардың айры илдиргишлери де
алтын еди. Бақанлар ушын төрт
гүмис ултан қуйды. 37 Шатыр-
дың кирер аўзына жүннен ийи-
рилген қызғыш көк, шым қызыл,
қырмызы жип ҳәм ҳасыл зығыр
жиплерден нағыслы перде тоқы-
ды. 38 Пердени тағыў ушын айры
илдиргиши бар бес бақан ислеп,
олардың жоқарысын ҳәм карниз-
лерин алтын менен қаплады. Ал
бақанлар ушын қоладан бес ул-
тан исследи.

### Келисим сандығының исслениўи

37 1 Бесалел акация ағашы-
нан Келисим сандығын
исследи. Оның узынлығы еки ярым
шығанақ, ени бир ярым шығанақ
ҳәм бийиклиги бир ярым шыға-
нақ еди. 2 Сандықтың иши-сыр-
тын сап алтын менен қаплады. Ал
ернегине алтыннан жийек салды.
3 Сандық ушын төрт алтын ҳалқа
қуйып, оларды төрт туяғына ор-
натты: екеўин бир жағына, қалған
екеўин екинши жағына орнатты.
4 Акация ағашынан сырықлар ис-
леп, оларды алтын менен қаплады.
5 Сандықты көтерип жүриў ушын,
бул сырықларды еки тәрепиндеги
ҳалқалардан өткерди. 6 Сандық-
тың қақпағын сап алтыннан ис-
леди. Қақпақтың узынлығы еки
ярым шығанақ, ени бир ярым шы-
ғанақ еди. 7 Қақпақтың еки шетине
алтыннан еки керубты шөккишлеп
соқты. 8 Керублардың биреўи қақ-
пақтың бир шетинде, ал екиншиси
екинши шетинде болып, оларды
қақпақ пенен бир тутас қылып
исследи. 9 Керублардың жоқары-
ға жайылған қанатлары қақпақ-
ты жаўып, жүзлери бир-бирине

қарама-қарсы түрде қақпаққа қа-
рап турған еди.

### Усынылған нанлар қойылатуғын стол

10 Кейин акация ағашынан узын-
лығы еки шығанақ, ени бир шы-
ғанақ, ал бийиклиги бир ярым
шығанақ болған бир стол иследи.
11 Столды сап алтын менен қап-
лап, ернегине алтын жийек сал-
ды. 12 Столдың әтирапына төрт
ели болған қаптал ислеп, оны ал-
тын жийек пенен қаплады. 13 Стол
ушын төрт алтын ҳалқа қуйып,
оларды столдың төрт мүйешиндеги
төрт туяғына беккемледи. 14 Стол-
ды көтерип алып жүриўге арналған
сырықлар өткизилетуғын ҳалқа-
лар столдың қапталларына жақын
еди. 15 Сырықларды акация ағашы-
нан ислеп, алтын менен қаплады.
16 Стол ушын керекли буйымлар-
ды – табақлар, түтетки салатуғын
тостағанлар, ишимлик садақалары
ушын кеселер ҳәм гүзелерди сап
алтыннан иследи.

### Шыра қойғыштың ислениўи

17 Олар сап алтыннан шыра қой-
ғыш иследи. Оның ултанын, бал-
дағын, шақаларын, гүллерин ҳәм
оның гүлкеселери менен гүлтаж-
ларын өзи менен бир тутас етип
шөккишлеп иследи. 18 Шыра қой-
ғыштың еки қапталынан үш-үштен,
алты шақа шығып турды. 19 Шы-
ғып турған ҳәр бир шақада бадам
гүлине уқсас үш гүл ҳәм оның гүл-
кеселери менен гүлтажлары бар
еди. 20 Ал шыра қойғыштың бал-
дағында бадам гүлине уқсас төрт
гүл ҳәм оның гүлкеселери менен
гүлтажлары бар еди. 21 Шыра қой-
ғыштан шығып турған алты шақа-
ның ҳәр бир жубының астында үш
гүлкесе изли-изинен дизилип ту-
ратуғын еди. 22 Шыра қойғышты
гүлкеселери ҳәм шақалары менен
бир тутас етип, сап алтыннан шөк-
кишлеп иследи. 23 Шыра қойғыш
ушын жети шыра иследи. Пилик-
лерди тазалайтуғын қысқышлар
менен ыдысларды сап алтыннан
иследи. 24 Шыра қойғыш ҳәм оның
барлық буйымлары бир талант сап
алтыннан исленди.

### Түтетки түтетилетуғын орын қурыў

25 Акация ағашынан төрт мүйеш-
ли, узынлығы бир шығанақ, ени
бир шығанақ ҳәм бийиклиги еки
шығанақ болған түтетки түтети-
летуғын орын қурды. Орынның
шақлары өзи менен бир тутас ис-
ленип, өзинен шығып туратуғын
еди. 26 Орынның үстин, қаптал-
ларын ҳәм шақларын сап алтын
менен қаплап, әтирапына алтын
жийек иследи. 27 Еки қапталын-
дағы жийектиң астына еки алтын
ҳалқа орнатты. Орынды көтерип
жүриў ушын, усы ҳалқалардан сы-
рықлар өткизилди. 28 Сырықлар-
ды акация ағашынан ислеп, алтын
менен қаплады.
29 Тағы да, олар майлаў рәсими
ушын мухаддес майды ҳәм таза,
хош ийисли түтеткини шеберлик
пенен араластырып, таярлады.

### Жандырылатуғын қурбанлық ушын орын қурыў

**38** 1 Акация ағашынан жан-
дырылатуғын қурбанлық

ушын орын дүзетти. Ол төрт мү-
йешли болып, оның узынлығы да,
ени де бес шығанақ, ал бийиклиги
үш шығанақ еди. [2] Оның төрт мүйе-
шине өзинен шығып турған шақ-
лар ислеп, орынды ҳәм шақларды
қола менен қаплады. [3] Қурбанлық
орынның барлық буйымларын:
күлге арналған ыдыслар менен
белшелер, қан себетуғын табақлар,
шанышқылар ҳәм шоқ салынату-
ғын ыдысларды қоладан иследи.
[4] Орынға қоладан тор сыяқлы на-
ғыс иследи. Тор нағыс қурбанлық
орынның ортасына жететуғындай
қылып, жийегиниң астынан ис-
ленди. [5] Қола тордың төрт мүйе-
шине сырықларды өткериў ушын,
төрт ҳалқа қуйды. [6] Сырықларды
акация ағашынан ислеп, қола ме-
нен қаплады. [7] Қурбанлық орынды
көтерип жүриў ушын, орынның
қапталындағы ҳалқалардан усы
сырықларды өткизди. Орынды
ағаштан, ишин бос қылып иследи.

### Қола ләгенниң соғылыўы

[8] Ушырасыў шатырының алдын-
да хызметететуғын ҳаяллар берген
қола айналардан үлкен қола ләген
ҳәм оның туяқларын иследи.

### Мухаддес шатырдың ҳәўлиси

[9] Мухаддес шатырдың ҳәўлисин
қурды. Ҳәўлиниң қубла тәрепи-
не узынлығы жүз шығанақ бол-
ған, ҳасыл зығыр жиптен тоқылған
перделер тақты. [10] Перделер ушын
қоладан исленген жигирма ултанға
жигирма бақан орнатты. Бақанның
айры илдиргишлери менен кар-
низлерин гүмистен иследи. [11] Ал
арқа тәрепи ушын узынлығы жүз
шығанақ болған перделер, жигир-
ма бақан, бақанлар ушын қоладан
жигирма ултан иследи. Бақанлар-
дың айры илдиргишлери менен
карнизлери гүмистен еди. [12] Ҳәў-
линиң батыс тәрепи ушын узын-
лығы елиў шығанақ болған перде,
он бақан ҳәм он ултан иследи. Ба-
қанлардың айры илдиргишлери
менен карнизлери гүмистен еди.
[13] Ҳәўлиниң шығысқа қараған ал-
дынғы тәрепиниң кеңлиги елиў
шығанақ еди. [14] Усы кирер аўыз-
дың бир тәрепинде узынлығы он
бес шығанақ перде, үш бақан ҳәм
үш ултан бар еди. [15] Оның екин-
ши тәрепинде де узынлығы он бес
шығанақ перде, үш бақан ҳәм үш
ултан бар еди. [16] Ҳәўлиниң ҳәмме
тәрепиндеги барлық перделер ҳа-
сыл зығырдан еди. [17] Бақанлар-
дың ултанлары қоладан, ал айры
илдиргишлери менен карнизле-
ри гүмистен исленген еди. Бақан-
лардың жоқарысы да гүмис пенен
қапланған еди. Ҳәўлиниң барлық
бақанлары гүмис карнизлер менен
бириктирилди.

[18] Ҳәўлиниң кирер аўзындағы
перде жүннен ийирилген қызғыш
көк, шым қызыл, қырмызы жип
ҳәм ҳасыл зығыр жиптен нағысла-
нып тоқылған еди. Оның узынлы-
ғы жигирма шығанақ, бийиклиги
ҳәўлиниң перделери сыяқлы бес
шығанақ еди. [19] Бул перде ушын
төрт қола ултанға орнатылған ба-
қан исленди. Бақанлардың айры
илдиргишлери ҳәм карнизлери гү-
мистен исленип, жоқарысы гүмис
пенен қапланды. [20] Шатырдың ҳәм
шатырды қоршаған ҳәўлиниң бар-
лық қазықлары қоладан исленди.

### Мухаддес шатырды қурыўда қолланылған нәрселер

[21] Мухаддес шатырдың, яғный
буйрықлар жазылған таслар тур-
ған шатырдың қурылысы ушын
қолланылған нәрселердиң толық
есабы төменде берилген. Есапты
Муўсаның буйрығы менен, руў-
ханий Харонның улы Итамардың
бақлаўы астында Лебий урыўы
алып барды.
[22] Жаратқан Ийениң Муўсаға
буйырған ҳәмме ислерин Яҳуда
урыўынан болған Хурдың ақлы-
ғы, Урийдиң улы Бесалел иследи.
[23] Оның менен бирге Дан урыўы-
нан болған Ахисамах улы Оҳоли-
аб жумыс иследи. Ол уста, безеўши,
жүннен ийирилген қызғыш көк,
шым қызыл, қырмызы жип ҳәм
ҳасыл зығыр жиптен нағыслап то-
қыўшы еди.
[24] Мухаддес шатырдың барлық
ислерине қолланылған алтынның,
халық бағышлап алып келген ал-
тынның муғдары Мухаддес орын
өлшеми менен 29 талант 730 ше-
кел еди.
[25] Есаптан өткен халықтан жый-
налған гүмис Мухаддес орын өл-
шеми менен 100 талант 1775 шекел
еди. [26] Бул есаптан өткен жигирма
ҳәм оннан жоқары жастағы 603
550 адамның ҳәр бирине бир бе-
қадан[a], яғный Мухаддес орын өл-
шеми менен ярым шекелден туўры
келетуғын еди. [27] Мухаддес ша-
тырдың ҳәм Ең мухаддес бөлмени
бөлип турған перdeниң ултанла-
рын қуйыў ушын 100 талант гүмис
қолланылды. Ҳәр бир ултанға 1 та-
лант, 100 ултанға 100 талант гүмис
сарпланды. [28] Бақанлардың жоқа-
рысын қаплаўға, айры илдиргиш-
лерин ҳәм карнизлерин соғыўға
1775 шекел гүмис сарпланды.
[29] Халық берген қола 70 талант
2400 шекел еди. [30] Оннан Ушыра-
сыў шатырының кирер аўзындағы
бақанлар ушын ултанлар, қурбан-
лық орын, оның торы менен ҳәмме
буйымлары, [31] ҳәўлидеги барлық
бақанлар ушын ултанлар, ҳәў-
линиң дәрўазасының бақанлары
ушын ултанлар, шатырдың қазық-
лары менен ҳәўли әтирапындағы
барлық қазықлар исленди.

### Руўханийлердиң кийимлерин тигиў

**39** [1] Олар қызғыш көк, шым
қызыл ҳәм қырмызы жип-
лерден Мухаддес орында хыз-
мет еткен ўақытта кийиўи ушын,
руўханийлерге әжайып қылып
кийимлер тикти. Харонға да му-
хаддес кийимлер тикти. Ҳәммесин
Жаратқан Ийениң Муўсаға буйыр-
ғанындай етип иследи.

### Эфод

[2] Эфодты алтын сабақ, қызғыш
көк, шым қызыл ҳәм қырмызы жип
пенен ҳасыл зығыр жиптен исле-
ди. [3] Алтынды жуқалап, жиңишке
қылып кесип, қызғыш көк, шым
қызыл, қырмызы жип ҳәм ҳасыл
зығырға араластырып, шеберлик
пенен кестелеў ушын, жип ийир-
ди. [4] Эфодтың алдыңғы ҳәм арт-
қы тәреплерин бир-бири менен

---

[a] **38:26** *Бир беқа* – шама менен 5,5 гр.

бириктириў ушын, ийин арқалы
өтетуғын еки баў тикти. [5] Эфод-
тың жоқарысына бириктирилген
ҳалда бир белбеў иследи. Бул эфод
сыяқлы алтын сабақ, қызғыш көк,
шым қызыл, қырмызы жип ҳәм ҳа-
сыл зығыр жиптен исленди. Ҳәм-
месин Жаратқан Ийениң Муўсаға
буйырғанындай етип иследи.
[6] Кейин Израил улларының атла-
рын еки оникс тасына мөр сыяқлы
етип, ойып жазды. Жазылған тас-
ларды өрилген алтын қаснақлар-
дың ишине қойып, [7] Израилдың он
еки урыўын еслетип турыў ушын,
эфодтың ийин баўларына орнатты.
Булар да Жаратқан Ийениң Муўса-
ға буйырғанындай етип исленди.

**Өңиршениң тигилиўи**

[8] Қалталы өңирше де эфод сыяқ-
лы алтын сабақ, қызғыш көк, шым
қызыл, қырмызы жип ҳәм ҳасыл
зығыр жиптен шеберлик пенен на-
ғыслап исленди. [9] Ол төрт мүйешли
ҳәм еки қабатлы болып, узынлы-
ғы да бир қарыс, ени де бир қарыс
еди. [10] Өңиршеге төрт қатар қылып
ҳасыл таслар қадалды. Биринши
қатарда сердолик, хризолит ҳәм зүм-
рет, [11] екинши қатарда periyza, ла-
зурит ҳәм гагат, [12] үшинши қатарда
яқыт, агат ҳәм аметист, [13] төртинши
қатарда сары яқыт, оникс ҳәм яшма
болды. Таслар өрилген алтын қас-
нақларға орнатылған еди. [14] Таслар
он еки болып, оларда мөр ойыл-
ғандай қылып, Израилдың он еки
улының атлары бирме-бир ойылып
жазылған еди. Бул таслар Израил-
дың он еки урыўының тымсалы еди.
[15] Кейин қалталы өңирше ушын
сап алтыннан өрилген шынжырлар
иследи. [16] Және де, еки өрилген
алтын қаснақ ҳәм еки алтын ҳал-
қа ислеп, ҳалқаларды өңирше-
ниң үстинги еки мүйешине тақты.
[17] Өрилген еки алтын шынжырдың
бир ушын өңиршедеги ҳалқаларға
илдирди. [18] Шынжырлардың екин-
ши ушын еки қаснаққа беккем-
леп, эфодтың алды бетине, ийин
баўларға байлады. [19] Еки алтын
ҳалқа ислеп, өңиршениң астынғы
еки шетине, эфодқа жақын бол-
ған ишки жийегине тақты. [20] Жә-
не еки алтын ҳалқа ислеп, эфодтың
алды бетиндеги ийин баўлардың
астынан, тигиске жақын қылып,
белбеўдиң жоқарысынан тақты.
[21] Қалталы өңиршениң ҳалқалары
менен эфодтың ҳалқаларын қыз-
ғыш көк баўлар менен бир-бири-
не байлады. Солай етип, өңирше
эфодтан айырылмай, эфодтың бел-
беўиниң жоқарысында туратуғын
болды. Ҳәммесин Жаратқан Ийе-
ниң Муўсаға буйырғанындай етип
иследи.

**Руўханийлердиң басқа кийимлери**

[22] Эфодтың ишинен кийилету-
ғын баҳалы кийимди толық қыз-
ғыш көк жиптен тоқыды. [23] Онда
бас сыятуғын орын болып, сөтилип
кетпеўи ушын, оның жийеклерин
айландырып тоқыды. [24-26] Кийим-
ниң етегине қызғыш көк, шым
қызыл, қырмызы жип ҳәм ҳасыл
зығыр жиптен исленген анарды ҳәм
оның араларына сап алтыннан ис-
ленген қоңыраўларды айландырып
гезекпе-гезек тағып шықты. Харон
хызмет еткенде усы кийимди кийе-
туғын еди. Буларды да Жаратқан

Ийениң Муўсаға буйырғанындай
етип иследи.
27 Харон ҳәм оның уллары ушын,
ҳасыл зығырдан тоқылған узын
көйлеклерди, 28 ҳасыл зығырдан
сәллени, кишигирим сәллелерди
ҳәм диз кийимлерди иследи. 29 Белбеўди де ҳасыл зығыр, қызғыш көк,
шым қызыл ҳәм қырмызы жиплерден нағыслап тоқыды. Ҳәммесин
Жаратқан Ийениң Муўсаға буйырғанындай қылып иследи.
30 Сап алтыннан таж сыяқлы мухаддес маңлайша ислеп, үстине
мөр ойғандай қылып: «Жаратқан
Ийеге бағышланған» деп жазды.
31 Бул маңлайша сәллеге қызғыш
көк баў менен байланды. Ҳәммесин
Жаратқан Ийениң Муўсаға буйырғанындай етип иследи.

### Барлық ислердиң тамамланыўы

32 Солай етип, Мухаддес шатырдың, яғный Ушырасыў шатырының
барлық ислери тамамланды. Израиллылар ҳәр бир нәрсени Жаратқан
Ийениң Муўсаға буйырғанындай
қылып иследи. 33 Соңынан олар
Муўсаға шатыр ҳәм оның барлық
буйымларын алып келди. Булар
мыналардан ибарат еди: шатырдың
перделери, илмеклери, тахтайлары,
қадалары, бақанлары, ултанлары,
34 қызылға боялған қошқар терисинен ҳәм жумсақ териден исленген
жапқышлар, ишки бөлмениң пердеси, 35 Келисим сандығы, оның
сырықлары ҳәм қақпағы, 36 стол,
оның барлық буйымлары ҳәм усынылған нанлар, 37 сап алтыннан
исленген шыра қойғыш, оның үстине бир қатар етип қойылған
шыралар, оның барлық буйымлары ҳәм шыралар ушын зәйтүн
майы, 38 түтетки түтетилетуғын
алтын орын, майлаў рәсими ушын
зәйтүн майы, хош ийисли түтетки,
шатырдың кирер аўзы ушын перде, 39 жандырылатуғын қурбанлық ушын қоладан исленген орын,
оның қоладан исленген торы, сырықлары ҳәм барлық буйымлары,
үлкен ләген ҳәм оның туяқлары,
40 ҳәўлиниң перделери, бақанлары, ултанлары, ҳәўлиниң кирер
аўзындағы пердеси, арқанлары, қазықлары, шатырда хызмет еткенде
қолланылатуғын барлық нәрселер, 41 Мухаддес орында хызмет
етиўге арналып, әжайып қылып
тигилген кийимлер – руўханий Харонның мухаддес кийимлери ҳәм
оның улларының руўханийлик кийимлери. 42 Усылардың ҳәммесин
израиллылар Жаратқан Ийениң
Муўсаға буйырғанындай қылып
иследи. 43 Муўса барлық ислердиң
Жаратқан Ийениң буйырғанындай
қылып исленгенин көргенде, оларға ақ пәтиясын берди.

### Мухаддес шатырды қурыў

**40** 1 Жаратқан Ийе Муўсаға
былай деди:
2 – Мухаддес шатырды, яғный
Ушырасыў шатырын биринши айдың биринши күни қур. 3 Келисим
сандығын шатырдың ишине киргизип, оны перде менен тасалап
қой. 4 Столды ишке әкелип, оған
тийисли ҳәмме нәрсени оның үстине қой. Шыра қойғышты да әкелип,
шыраларын үстине қой. 5 Алтыннан исленген түтетки түтетилетуғын орынды Келисим сандығының

алдына қойып, шатырдың кирер аў-
зына перде тақ. [6] Қурбанлық жан-
дырылатуғын орынды Мухаддес
шатырдың, яғный Ушырасыў шаты-
рының кирер аўзының алдына қой.
[7] Үлкен ләгенди шатыр менен қур-
банлық орынның арасына қойып,
ишине суў қуй. [8] Шатырдың әти-
рапын айландырып, ҳәўли исле ҳәм
ҳәўлиниң кирер аўзына перде тақ.
[9] Соңынан майлаўға арналған
зәйтүн майын алып, шатырды
ҳәм оның ишиндеги барлық бу-
йымларды майлап, мухаддес қыл.
[10] Қурбанлық жандырылатуғын
орынды ҳәм оның барлық буйым-
ларын майлап, орынды мухаддес
қыл. Сонда орын жүдә мухаддес
болады. [11] Үлкен ләгенди ҳәм оның
туяқларын майлап, мухаддес қыл.
[12] Харонды ҳәм оның улларын
Ушырасыў шатырының кирер аў-
зының алдына әкелип, оларды суў
менен жуўындыр. [13] Харонға му-
хаддес кийимлерди кийгиз ҳәм
руўханий болып, хызмет етиўи
ушын, оның басына май қуйып,
Маған бағышла. [14] Оның улларын
алып келип, оларға узын көйлек
кийгиз. [15] Руўханий болып, Ма-
ған хызмет етиўи ушын, оларды да
әкеси сыяқлы майла. Бул майлаў
олардың әўладлар бойы мәңгиге
руўханий болыўын тәмийинлейди.
[16] Муўса ҳәмме нәрсени Жаратқан
Ийениң буйырғанындай қылып ис-
леди. [17] Солай етип, екинши жыл-
дың биринши айының биринши
күни Мухаддес шатыр қурылды.
[18] Муўса шатырды қурды: ултанла-
рын қойды, тахтайларын орнатты,
қадаларын киргизип, бақанларын
көтертти. [19] Кейин шатырдың
үстине ишки ҳәм сыртқы жабыў-
ларын жапты. Муўса булардың
ҳәммесин Жаратқан Ийениң өзи-
не буйырғанындай етип иследи.
[20] Кейин буйрықлар жазылған
еки тасты алып, сандыққа салды.
Сандықтың сырықларын кийгиз-
ди ҳәм сандықтың қақпағын сан-
дықтың үстине қойды. [21] Келисим
сандығын шатырға киргизди де,
перде тутып, сандықты көзден
тасалап қойды. Муўса ҳәммесин
Жаратқан Ийениң өзине буйыр-
ғанындай етип иследи.
[22] Нанлар туратуғын столды
Ушырасыў шатырының ишине,
яғный шатырдың арқаға қараған
тәрепине, ишки пердениң сырты-
на қойды. [23] Жаратқан Ийениң
алдына, столдың үстине нанлар-
ды дизип қойды. Муўса буларды
Жаратқан Ийениң өзине буйыр-
ғанындай етип иследи.
[24] Шыра қойғышты Ушырасыў
шатырына, столдың қарсысына,
шатырдың қубла тәрепине қойды.
[25] Жаратқан Ийениң өзине буйыр-
ғанындай, ол Жаратқан Ийениң
алдына шыраларды қойды.
[26] Алтыннан исленген түтетки
түтетилетуғын орынды Ушыра-
сыў шатырына, пердениң алдына
қойды. [27] Орынның үстинде хош
ийисли түтетки түтетти. Муўса бу-
ларды да Жаратқан Ийениң өзине
буйырғанындай етип иследи.
[28] Шатырдың кирер аўзына пер-
де тақты. [29] Қурбанлық жанды-
рылатуғын орынды Мухаддес
шатырдың, яғный Ушырасыў ша-
тырының кирер аўзының алдына
қойды. Орынның үстинде жанды-
рылатуғын қурбанлық ҳәм ғәлле

садақасын усынды. Муўса ҳәмме-
син Жаратқан Ийениң өзине бу-
йырғанындай етип иследи.
30 Үлкен ләгенди Ушырасыў ша-
тыры менен қурбанлық орынның
арасына қойды ҳәм жуўыныў ушын,
ишине суў қуйды. 31 Муўса, Харон
ҳәм Харонның уллары аяқ-қолла-
рын сол жерде жуўатуғын болды.
32 Олар Ушырасыў шатырына кире-
туғын яки қурбанлық орынға жа-
қынласатуғын ўақытта, Жаратқан
Ийениң буйырғанындай, сол жер-
де жуўынатуғын еди.
33 Шатырдың ҳәм қурбанлық
орынның әтирапындағы ҳәўлини
перде менен қоршады ҳәм ҳәўли-
ниң кирер аўзына да перде тақты.

Солай етип, Муўса жумысты та-
мамлады.

## Ушырасыў шатыры үстиндеги булт

34-35 Соннан кейин, Ушырасыў
шатырын булт қаплап, Жаратқан
Ийениң салтанаты шатырды тол-
тырды. Соның ушын, Муўса Ушы-
расыў шатырына кире алмады.
36 Пүткил сапарлары даўамында
израиллылар булт шатырдан жо-
қары көтерилгенде, жолын даўам
ететуғын еди. 37 Бирақ олар булт
жоқары көтерилмегенше, жолға
шықпайтуғын еди. 38 Солай етип,
олардың пүткил сапары даўамын-
да, барлық Израил халқының көз
алдында Жаратқан Ийениң булты
күндиз шатырдың үстинде турды,
ал түнде булт ишинде от болып
жанып турды.

# Лебийлилер китабы

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Лебийлилер китабы Таўраттың үшинши китабы. Бул китап Қудайдың Муўса пайғамбар арқалы берген нызам ҳәм қағыйдаларынан ибарат. Лебий урыўынан келип шыққанлар лебийлилер деп аталады, китапқа усы урыўдың аты тийкар болған.

Шығыў китабында Қудай Муўсаға Ушырасыў шатырын, яғный Мухаддес шатырды қурыў бойынша көрсетпелер берген болса, бул китапта сол Ушырасыў шатырында хызмет етиў ҳаққында сөз етиледи. Лебийлилер Ушырасыў шатырында Қудайдың арнаўлы хызметкерлери еди. Руўханийлер Лебий урыўына тийисли Харонның урпағынан келип шыққан. Китаптың тийкарғы бөлиминде руўханийлердиң ҳәм басқа лебийлилердиң ислейтуғын ўазыйпалары баян етиледи. Олардың ўазыйпалары Қудайға атап қурбанлықлар ҳәм садақалар бериўден, сондай-ақ, байрамларды ҳәм ҳәр түрли мәресимлерди өткериўден ибарат еди. Китапта және де ҳадал ҳәм ҳарам ҳайўанларға байланыслы нызамлар, адам денесин, кийимин ҳәм үйин қалай таза сақлаў кереклиги ҳаққында көрсетпелер ҳәм кәмбағалларға ғамхорлық қылыў туўрысындағы буйрықлар орын алған.

Китаптағы нызам-қағыйдалардың тийкарында пәклик ҳәм мухаддеслик жатыр. Мухаддеслик өзин гүнадан сақлаўды ҳәм Қудайға бағышланып жасаўды билдиреди. Қудай Өз халқының мухаддес Патшасы болғаны ушын, халық Қудайдың дәргайына келиў ушын қурбанлықлардың қаны арқалы гүнадан пәклениўи шәрт еди. Бул исте халыққа лебийлилер жәрдем беретуғын еди. Олар Қудайға мақул болып, Оның дәргайында болыў ушын китаптағы барлық нызам-қағыйдаларға әмел қылыўы шәрт еди.

## Жандырылатуғын қурбанлықлар

1 1 Жаратқан Ийе Муўсаны шақы-
рып алып, Ушырасыў шатыры-
нан оған былай деди:
2 – Сен Израил халқына жәрия-
лап мыналарды айт: «Араңыздағы
бириңиз Жаратқан Ийеге қурбан-
лық бермекши болса, ол ири ямаса
майда мал усынсын.
3 Егер ири малдан жандырыла-
туғын қурбанлық беретуғын бол-
са, онда ол минсиз ҳәм еркек мал
усынсын. Жаратқан Ийениң бул
қурбанлықты қабыл етиўи ушын,
қурбанлықты Ушырасыў шаты-
рының алдына алып келсин. 4 Сол
адам қурбанлық малдың басына
қолын қойсын. Сонда қурбанлық
адамның гүналарынан пәклени-
ўи ушын қабыл етиледи. 5 Кейин
ол буғаны Жаратқан Ийениң ал-
дында шалсын. Харонның улла-
ры болған руўханийлер буғаның
қанын алып келип, қанды Ушы-
расыў шатырының кирер аўзының
алдындағы қурбанлық орынның
төрт қапталына серпип жиберсин.
6 Соңынан қурбанлық берип атыр-
ған адам жандырылатуғын қурбан-
лықтың терисин сыйырып алып,
оны жиликлеп бөлсин. 7 Ал руў-
ханий Харонның уллары қурбан-
лық орында от жағып, үстине отын
қаласын. 8 Кейин малдың жилик-
лерин, басын ҳәм иш майларын
сол оттың үстине жайластырсын.
9 Малдың ишек-қарны ҳәм туяқла-
ры суў менен жуўылсын. Ал руўха-
ний олардың барлығын қурбанлық
орынның үстинде түтетип жан-
дырсын. Бул – жандырылатуғын
қурбанлық, Жаратқан Ийеге хош
ийисли сый болады.
10 Егер майда малдан жандыры-
латуғын қурбанлық беретуғын
болса, онда ол минсиз болған еркек
тоқлы ямаса теке усынсын. 11 Оны
қурбанлық орынның арқа тәре-
пинде, Жаратқан Ийениң алдында
шалсын. Харонның уллары болған
руўханийлер қанды қурбанлық
орынның төрт қапталына серпип
жиберсин. 12 Адам қурбанлықты
жиликлеп, басын ҳәм иш майларын
айырып алсын. Руўханий оларды
қурбанлық орындағы жанып тур-
ған оттың үстине жайластырсын.
13 Қурбанлықтың ишек-қарны ҳәм
туяқлары суў менен жуўылсын. Ал
руўханий олардың барлығын қур-
банлық орынның үстинде түтетип
жандырсын. Бул – жандырылату-
ғын қурбанлық, Жаратқан Ийеге
хош ийисли сый болады.
14 Егер ким де ким жандырыла-
туғын қурбанлық етип Жаратқан
Ийеге қус бермекши болса, онда
ол қумыры ямаса жас кептер усын-
сын. 15 Руўханий оны қурбанлық
орынға әкелип, басын үзип алсын
ҳәм басын қурбанлық орынның
үстинде түтетип жандырсын. Ал
қустың қанын қурбанлық орынның
қапталына сығып, ағызсын. 16 Руў-
ханий қустың жемсегин ишиндеги
нәрселери менен бирге шығарып,
қурбанлық орынның шығыс тә-
репиндеги күл төгилетуғын жерге
тасласын. 17 Соң қустың қанатла-
рынан услап, қусты қақ айырсын,
бирақ оны екиге бөлип тасла-
масын. Кейин қусты қурбанлық
орындағы жанып турған оттың
үстине қойып түтетип жандырсын.

Бул – жандырылатуғын қурбан-
лық, Жаратқан Ийеге хош ийисли
сый болады».

### Ғәлле садақасы

**2** 1 «Егер ким де ким Жаратқан
Ийеге арнап ғәлле садақасын
бермекши болса, сапалы бийдай
унынан алып келсин. Оның үстине
зәйтүн майын қуйып, хош ийисли
шайыр қоссын ҳәм 2 садақаны Ха-
ронның уллары болған руўханий-
лерге апарсын. Руўханий зәйтүн
майы қосылған сапалы уннан бир
уўысын толтырып алсын ҳәм хош
ийисли шайырдың барлығын алып,
оларды толық садақаның белгиси ре-
тинде қурбанлық орынның үстинде
түтетип жандырсын. Бул – Жаратқан
Ийеге хош ийисли сый болады. 3 Ғәл-
ле садақасының жандырылмаған
бөлеги Харон ҳәм оның улларына
тийисли. Бул бөлек Жаратқан Ийеге
берилген сыйлардан болғаны ушын,
жүдә мухаддес.

4 Егер тандырда жабылған нан-
ды ғәлле садақасы етип бермек-
ши болсаңыз, онда сапалы уннан
зәйтүн майы қосылған ашытқы-
сыз шөреклер ямаса үстине зәйтүн
майы жағылған пәтирлер әкели-
ўиңиз тийис.

5 Егер табада писирилген нанды
садақа қылмақшы болсаңыз, онда
оған ашытқы салмай, сапалы ун-
ға зәйтүн майын қосып ийлеп, пи-
сириң. 6 Оны усынған ўақтыңызда,
бөлеклерге бөлиўиңиз ҳәм үстине
зәйтүн майын қуйыўыңыз керек.
Бул – ғәлле садақасы.

7 Егер садақаң қазанда писирилген
болса, онда ол зәйтүн майы қосыл-
ған сапалы уннан таярланыўы тийис.

8 Усы тақылетте таярланған ғәлле
садақасын Жаратқан Ийеге бериў
ушын, руўханийге әкелиўиңиз ке-
рек. Ал руўханий оны қурбанлық
орынға алып барады. 9 Кейин руў-
ханий толық садақаның белгиси
ретинде ғәлле садақаларынан бир
бөлек алып, оны жандырылатуғын
қурбанлық ҳәм Жаратқан Ийеге
хош ийисли сый қылып, қурбан-
лық орында түтетип жандырсын.
10 Ғәлле садақасының жандырыл-
маған бөлеги Харон ҳәм оның улла-
рына тийисли. Бул бөлек Жаратқан
Ийеге берилген сыйлардан болға-
ны ушын, жүдә мухаддес.

11 Жаратқан Ийеге усынатуғын
ғәлле садақаңыздың ҳеш бири-
не ашытқы салмаңлар. Өйткени
ашытқыны да, палды да Жаратқан
Ийеге сый қылып, түтетип жан-
дырмаўыңыз керек. 12 Ашытқы са-
лынған нан менен палды биринши
зүрәәтиңиз сыпатында Жаратқан
Ийеге усыныўыңызға болады.
Бирақ олар Жаратқан Ийеге хош
ийисли садақа ретинде қурбанлық
орында усынылмаўы керек. 13 Ғәл-
ле садақаңыздың ҳәр бирине дуз
қосыңлар. Дуз Қудайдың сизлер
менен дүзген келисимин билдире-
туғын болғанлықтан, садақалары-
ңыз дузсыз болмасын.

14 Егер Жаратқан Ийеге дәслеп-
ки өнимнен ғәлле садақасын бер-
мекши болсаңыз, онда дәслепки
шыққан дәнди қуўырып, оны тү-
йип алып келиң. 15 Бул ғәлле сада-
қасы болғаны ушын, оның үстине
зәйтүн майын қуйып, хош ийисли
шайыр қосың. 16 Руўханий бираз
түйилген дән менен зәйтүн ма-
йынан алып, оларға хош ийисли

шайырдың ҳәммесин қосып, то-
лық садақаның белгиси ретинде
қурбанлық орында түтетип жан-
дырсын. Бул – Жаратқан Ийеге
арналған сый».

## Татыўлық қурбанлығы

3 1 «Егер ким де ким татыўлық
қурбанлығы ушын ири мал бер-
мекши болса, онда ол Жаратқан
Ийеге арнап минсиз еркек ямаса
урғашы мал усынсын. 2 Ол адам
қолын қурбанлықтың басына қо-
йып, оны Ушырасыў шатырының
алдында шалсын. Харонның уллары
болған руўханийлер қанды қурбан-
лық орынның төрт қапталына сер-
пип жиберсин. 3 Сол адам татыўлық
қурбанлығының мына бөлеклерин
Жаратқан Ийеге сый етип бериўи
тийис: малдың ишеклерин қаплаған
шарбы майлары менен иш майла-
рын, 4 еки бөтекесин, бөтеке үстин-
деги майын ҳәм баўырының төменги
ушын. 5 Харонның уллары буларды
қурбанлық орында жанып турған
отынның үстине қойып, жандыры-
латуғын қурбанлық пенен бирге тү-
тетип жандырсын. Бул – Жаратқан
Ийеге хош ийисли сый болады.

6 Егер ким де ким татыўлық қур-
банлығы ушын майда мал бермек-
ши болса, онда ол Жаратқан Ийеге
минсиз еркек ямаса урғашы жан-
лық усынсын.

7 Егер қой бермекши болса, оны
Жаратқан Ийениң алдында усыны-
ўы тийис. 8 Ол қолын қурбанлық-
тың басына қойсын. Кейин оны
Ушырасыў шатырының алдында
шалсын. Харонның уллары қойдың
қанын алып, қурбанлық орынның
төрт қапталына серпип жиберсин.
9 Ол адам татыўлық қурбанлығы-
ның мына бөлеклерин Жаратқан
Ийеге сый етип бериўи тийис: жан-
лықтың майларын, яғный қуйым-
шақтың түбинен кесип алынған
пүткил қуйрық майын, ишеклерин
қаплаған шарбы майлары менен иш
майларын, 10 еки бөтекесин, бөтеке
майларын ҳәм баўырының төмен-
ги ушын. 11 Руўханий буларды қур-
банлық орынның үстинде түтетип
жандырсын. Бул – Жаратқан Ийе-
ге аўқат сыпатында берилген сый.

12 Егер ол ешки бермекши болса,
оны Жаратқан Ийениң алдында
усынсын. 13 Адам қолын қурбан-
лықтың басына қойсын ҳәм оны
Ушырасыў шатырының алдында
шалсын. Харонның уллары еш-
киниң қанын алып, қурбанлық
орынның төрт қапталына серпип
жиберсин. 14 Ол адам ешкиниң мы-
на нәрселерин алып, Жаратқан Ийе-
ге сый қылып усынсын: ишеклерин
қаплаған шарбы майлары менен иш
майларын, 15 еки бөтекесин, бөте-
ке майларын ҳәм баўырының тө-
менги ушын. 16 Руўханий булардың
ҳәммесин қурбанлық орынның үс-
тинде түтетип жандырсын. Бул –
Жаратқан Ийеге аўқат сыпатында
берилген хош ийисли сый. Майдың
ҳәммеси Оған тийисли. 17 Малдың
майын жемеңлер, оның гөшин де
қаны менен жемеңлер. Бул өзлери-
ңиз жасаған ҳәмме жерде әўладлар
бойы мәңги қағыйда болсын».

## Гүна қурбанлығы

4 1 Жаратқан Ийе Муўсаға бы-
лай деди:

2 – Израил халқына былай
деп айт: «Егер ким де ким Мен

буйрықларымда қадаған қылған
бир нәрсени ислеп, билмей гүна
қылса, төменде көрсетилгенлерге
әмел қылсын:
3 Егер бас руўханий гүна ислеп,
халқын айыпкер қылса, ислеген гүнасы ушын Жаратқан Ийеге гүна қурбанлығы етип минсиз
бир буға усынсын.
4 Ол буғаны
Ушырасыў шатырының алдына,
Жаратқан Ийениң алдына алып
келсин. Соңынан қолын буғаның
басына қойсын ҳәм Жаратқан Ийениң алдында оны шалсын.
5 Бас
руўханий буғаның қанынан бираз
алып, Ушырасыў шатырының ишине кирсин.
6 Ол бармағын қанға батырып, қанды Жаратқан Ийениң
алдында, Ең мухаддес бөлмени бөлип турған пердеге қарай жети рет
серпсин.
7 Соңынан ол шатырдағы, Жаратқан Ийениң алдындағы
хош ийисли түтетки түтетилетуғын орынның шақларына қанды
сүртсин. Буғаның аўысқан қанын
шатырдың кирер аўзының алдындағы жандырылатуғын қурбанлық
орынның түбине төксин.
8 Кейин
гүна ушын берилген буғаның пүткил майын: ишеклерин қаплаған
шарбы майлары менен иш майларын,
9 еки бөтекесин, олардың
майларын ҳәм баўырының төменги ушын
10 татыўлық қурбанлығы
сыпатында берилген малдың майын айырғандай, айырып алсын.
Бас руўханий оларды жандырылатуғын қурбанлық берилетуғын
орынның үстинде түтетип жандырсын.
11 Ал буғаның қалған бөleклерин: терисин, гөшин, геллесин,
туяқларын ҳәм ишек-қарны менен
дәрисин
12 орданың сыртындағы
күл төгилетуғын таза жерге апарып, оларды отынның үстине қойып, жағып жиберсин.
13 Егер пүткил Израил жәмийети
Жаратқан Ийениң буйрықларында қадаған етилген нәрсени ислеп,
билмей гүна қылса, олар бәри бир
айыплы саналады.
14 Ислеген гүнасы белгили болғанда, олар жәмийет атынан гүна қурбанлығы етип
бир буға усынып, оны Ушырасыў
шатырының алдына алып келсин.
15 Жәмийет ақсақаллары Жаратқан
Ийениң алдында қолларын буғаның басына қойып, оны Жаратқан
Ийениң алдында шалсын.
16 Бас
руўханий буғаның қанынан бираз
алып, Ушырасыў шатырының ишине кирсин.
17 Руўханий бармағын
қанға батырып, қанды Жаратқан
Ийениң алдында, Ең мухаддес бөлмени бөлип турған пердеге қарай
жети рет серпсин.
18 Соңынан руўханий қанды шатырдағы, Жаратқан
Ийениң алдындағы түтетки түтетилетуғын орынның шақларына
сүртсин. Буғаның аўысқан қанын
шатырдың кирер аўзының алдындағы жандырылатуғын қурбанлық
орынның түбине төксин.
19 Буғаның пүткил майын алып, оны қурбанлық орынның үстинде түтетип
жандырсын.
20 Руўханий өз гүнасы ушын берген буғаға не ислеген
болса, бул буғаға да соны ислесин.
Усылайынша руўханий жәмийетти гүнадан пәклейди ҳәм олардың
гүналары кешириледи.
21 Алдыңғы
буғаны қалай жандырған болса, бул
буғаны да орданың сыртына алып
шығып, жағып жиберсин. Бул – жәмийеттиң гүнасы ушын қурбанлық болады.

22 Егер басшылардың бири
Қудайы Жаратқан Ийениң буй-
рықларында қадаған етилген бир
нәрсени ислеп, билмей гүна қыл-
са, ол айыплы саналады. 23 Исле-
ген гүнасы өзине әшкара етилген
ўақытта, ол қурбанлыққа минсиз
бир теке алып келсин. 24 Кейин ол
қолын текениң басына қойып, оны
жандырылатуғын қурбанлықлар
шалынатуғын жерде, Жаратқан
Ийениң алдында шалсын. Бул – гү-
на қурбанлығы. 25 Руўханий барма-
ғын гүна қурбанлығының қанына
батырып, қанды жандырылатуғын
қурбанлық орынның шақлары-
на сүртсин. Аўысқан қанды қур-
банлық орынның түбине төксин.
26 Кейин текениң пүткил майын
татыўлық қурбанлығының майы
сыяқлы, қурбанлық орынның үс-
тинде түтетип жандырсын. Усы-
лайынша, руўханий сол көсемди
гүнасынан пәклейди ҳәм оның гү-
насы кешириледи.

27 Егер халық арасынан биреў
Жаратқан Ийениң буйрықларын-
да қадаған етилген бир нәрсени ис-
леп, билмей гүна қылса, ол айыплы
саналады. 28 Ислеген гүнасы өзине
әшкара болғанда, ол гүнасы ушын
қурбанлыққа минсиз бир ешки
әкелсин. 29 Соң ол қолын гүна ушын
берилген қурбанлықтың басына
қойып, оны жандырылатуғын қур-
банлық шалынатуғын жерде шал-
сын. 30 Руўханий қурбанлықтың
қанына бармағын батырып, жан-
дырылатуғын қурбанлық орын-
ның шақларына сүртсин. Аўысқан
қанды қурбанлық орынның түбине
төксин. 31 Қурбанлық берген адам
ешкиниң пүткил майын татыўлық
қурбанлығының майы сыяқлы
айырып алсын. Руўханий майды
Жаратқан Ийеге хош ийисли сый
қылып, қурбанлық орында түтетип
жандырсын. Усылайынша, руўха-
ний сол адамды гүнасынан пәклей-
ди ҳәм оның гүнасы кеширеледи.

32 Егер биреў гүна қурбанлығы
ушын қой бермекши болса, қой
минсиз болсын. 33 Ол қолын қур-
банлықтың басына қойсын ҳәм
оны жандырылатуғын қурбан-
лықлар шалынатуғын жерде шал-
сын. 34 Кейин руўханий бармағын
шалынған қойдың қанына баты-
рып, жандырылатуғын қурбанлық
орынның шақларына сүртсин. Ал
аўысқан қанды қурбанлық орын-
ның түбине төксин. 35 Татыўлық
қурбанлығы ушын берилген қой
сыяқлы, адам бул қурбанлықтың
да пүткил майын айырып алсын.
Руўханий оны қурбанлық орында
Жаратқан Ийеге арнап жағылып
атырған сыйлардың үстине қойып,
түтетип жандырып жиберсин. Усы-
лайынша, руўханий адамды гүна-
сынан пәклейди ҳәм оның гүнасы
кеширеледи».

**5** 1 «Егер ким де ким көрген-бил-
генлери ҳаққында гүўалық бе-
риўге шақырылса, бирақ ол буннан
бас тартса, онда ол өз айыбының
жазасын тартады.

2 Ким де ким билмей, ҳарам са-
налған бир нәрсеге: жабайы я үй
ҳайўанының ямаса жер баўырлаў-
шы бир ҳайўанның өлигине бир
жерин тийгизип алса, ол ҳарам-
ланған болып, айыплы саналады.

3 Биреў билмей, адамның денеси-
нен шыққан өзин ҳарамлайтуғын

қандай да бир нәрсеге бир жерин
тийгизсе, кейин не ислегенин түсин-
ген ўақытта, ол айыплы саналады.
4 Егер ким де ким қандай да бир
исти ислеймен деп, ойланбастан
ант ишип, оны орынламай қалса,
онда ол айыплы саналады.
5 Егер ким де ким усы айтыл-
ған ислердиң биреўинде айыплы
болса, ислеген гүнасын ашық мо-
йынласын. 6 Ол гүнасының қуны
сыпатында Жаратқан Ийеге гүна
қурбанлығын берсин. Бул қурбан-
лық майда малдан бир қой ямаса
бир ешки болсын. Сонда руўханий
адамды гүнасынан пәклейди.
7 Егер адамның қой әкелиўге жағ-
дайы болмаса, онда ол гүнасының
қуны сыпатында Жаратқан Ийеге
еки қумыры ямаса еки жас кептер
әкелсин. Олардың бири гүна қур-
банлығы ушын, ал екиншиси жан-
дырылатуғын қурбанлық ушын
бериледи. 8 Оларды руўханийге
алып келсин. Руўханий дәслеп гү-
на қурбанлығын берип, қустың
мойнын сындырсын, бирақ оның
басын жулып тасламасын. 9 Кейин
қустың қанының биразын қурбан-
лық орынның қапталына серпип,
аўысқан қанды қурбанлық орын-
ның түбине төксин. Бул – гүна қур-
банлығы. 10 Соннан соң, руўханий
екинши қусты жандырылатуғын
қурбанлық етип, қағыйда бойын-
ша берсин. Усылайынша руўханий
адамды гүнасынан пәклейди ҳәм
ол кешириледи.
11 Егер адамның еки қумыры яма-
са еки кептер әкелиўге жағдайы
келмесе, онда ол ислеген гүнасы
ушын эфаның[a] оннан бир мөлше-
риндеги сапалы бийдай унынан
әкелсин. Ол унның үстине зәйтүн
майын қуймасын ҳәм хош ийисли
шайыр да қоспасын. Себеби бул –
гүна қурбанлығы.
12 Адам унды руўханийге алып
келсин. Руўханий толық садақа-
ның белгиси ретинде уннан бир
уўыс алып, оны қурбанлық орында,
Жаратқан Ийеге арнап жағылып
атырған сыйлардың үстине қойып,
түтетип жандырып жиберсин. Бул –
гүна қурбанлығы.
13 Солай етип, руўханий айтып
өтилген гүналардың бирин ислеген
адамды гүнасынан пәклейди ҳәм
оның гүнасы кешириледи. Ғәлле
садақасы сыяқлы, садақаның жан-
дырылмаған бөлеги руўханийге
тийисли болады».

### Айып қурбанлығы

14 Жаратқан Ийе Муўсаға былай
деди:
15 – Егер ким де ким Жаратқан
Ийеге арналып, мухаддесленген
нәрселерди былғап, билмей гүна
ислесе, ол айып қурбанлығы сы-
патында Жаратқан Ийеге майда
малдан бир минсиз қошқар усын-
сын. Қошқардың қуны шекел аўыр-
лығындағы гүмис пенен, Мухаддес
орын өлшеми менен баҳалансын.
16 Адам мухаддес нәрсеге келтирген
зыянының қунын төлеп, және сол
қунның үстине бестен бирин қо-
сып, руўханийге берсин. Руўханий
айып қурбанлығы ушын берилген
қошқар менен сол адамды гүнасы-
нан пәклейди ҳәм ол кешириледи.

---

a **5:11** *Эфа* – бир эфа шама менен 22 л.

17 Егер ким де ким Жаратқан Ийе-
ниң буйрықларында қадаған етил-
ген нәрсени ислеп, гүна қылса, ол
билмей ислесе де, өз айыбының
жазасын тартады. 18 Ол руўханий-
ге айып қурбанлығы сыпатында
майда малдан бир қошқар усын-
сын. Қошқар минсиз ҳәм қуны бел-
гиленген болыўы тийис. Руўханий
адамды билмей ислеген гүнасы-
нан пәклейди ҳәм ол кешириледи.
19 Бул – айып қурбанлығы, өйткени
адам Жаратқан Ийеге қарсы айып
ислеген еди.

# 6

1 Жаратқан Ийе Муўсаға бы-
лай деди:
2-3 – Егер ким де ким өзине ама-
нат етилген, өзине тапсырылған
ямаса урланған бир мал-мүлик
туўрысында жақынын алдаса, я
оны наҳақлық пенен қолға кир-
гизсе ямаса жойтылған бир нәр-
сени таўып алып, оны жасырса,
усындай ямаса усыған уқсайту-
ғын гүналардың бирин ислеп,
оны ислемедим деп жалған ант
ишсе, ол Жаратқан Ийениң ал-
дында айып ис қылған болады.
4-5 Адам усылардың бирин ислеп,
гүна қылғанда, ол ҳәр қандай на-
ҳақ жол менен қолға киргизген
затты ийесине қайтарып берсин.
Ол айыбы ашылған күни затлар-
дың үстине бестен бирин қосып
ийесине толығы менен қайтарып
берсин. 6 Соңынан Жаратқан Ийе-
ге айып қурбанлығы етип усы-
ныў ушын, қуны белгиленген ҳәм
минсиз болған қошқарды руўха-
нийге әкелсин. 7 Сонда руўханий
Жаратқан Ийениң алдында оны
гүнасынан пәклейди ҳәм оның
ислеген айыбы қандай болса да,
ол кешириледи.

## Күнделикли жандырылатуғын қурбанлықты бериў қағыйдалары

8 Жаратқан Ийе Муўсаға және
былай деди:
9 – Харон ҳәм оның улларына
мынадай деп буйыр: «Күнделикли
жандырылатуғын қурбанлықты
бериў қағыйдасы мынадай: жанды-
рылатуғын қурбанлық қурбанлық
орынның үстинде түн бойы, азанға
дейин қалыўы керек. Қурбанлық
орынның үстиндеги от сөнбесин.
10 Азанда руўханий зығырдан ис-
ленген кийими менен диз кийимин
кийип алсын. Кейин ол қурбан-
лық орынның үстиндеги жанды-
рылатуғын қурбанлықтан қалған
күлди жыйнап, қурбанлық орын-
ның жанына қойсын. 11 Соңынан
руўханий сол кийимлерин шешип,
әдеттеги кийимлерин кийсин ҳәм
күлди орданың сыртындағы таза
жерге апарып тасласын. 12 Қур-
банлық орынның үстиндеги от ҳеш
қашан өшпей, үзликсиз жанып тур-
сын. Руўханий ҳәр күни азанда
отқа отын салып, жандырылату-
ғын қурбанлықтың бөleклерин
оның үстине қойсын. Кейин татыў-
лық қурбанлықларының майын
оның үстинде түтетип жандырсын.
13 Қурбанлық орынның үстиндеги
от ҳеш қашан өшпей, үзликсиз жа-
нып турсын».

## Ғәлле садақасын бериў қағыйдалары

14 «Ғәлле садақасын бериў қағый-
дасы мынадай: Харонның уллары

ғәлле садақасын қурбанлық орын-
ның алдына әкелип, Жаратқан
Ийеге усынсын. 15 Руўханий зәй-
түн майы қосылған сапалы уннан
бир уўысын толтырып алсын ҳәм
хош ийисли шайырдың ҳәммесин
алып, оларды толық садақаның
белгиси ретинде қурбанлық орын-
ның үстинде түтетип жандырсын.
Бул – толық садақаның белгиси
ҳәм Жаратқан Ийеге хош ийисли
сый болады. 16 Садақаның жанды-
рылмаған бөлегин Харон ҳәм оның
уллары жесин. Оннан ашытқысыз
нан жаўып, мухаддес жерде, Ушы-
расыў шатырының ҳәўлисинде же-
син. 17 Оған ашытқы қосылмасын.
Мен буны Өз сыйларымнан руў-
ханийлердиң пайы қылып бердим.
Бул – айып қурбанлығы ҳәм гүна
қурбанлығы сыяқлы жүдә мухад-
дес. 18 Харон әўладынан болған ҳәр
бир ер адам оннан жеўине бола-
ды. Бул Жаратқан Ийеге арналған
сыйлардан әўладлар даўамында
мәңгиге олардың пайы болады.
Қурбанлықларға тийип кеткен ҳәр
бир нәрсе мухаддес болады».
19 Жаратқан Ийе Муўсаға тағы
былай деди:
20 – Харон ҳәм оның урпағынан
бири бас руўханийликке майла-
нып, тайынланған күннен баслап,
оның беретуғын садақасы мына-
дай болсын: ол оннан бир эфа са-
палы унның ярымын азанда, ал
қалған ярымын кеште ғәлле сада-
қасы етип берсин. Ол бул садақа-
ны ҳәр күни берип турыўы тийис.
21 Сол унға зәйтүн майы қосып
ийленип, табада писирилсин. Бул
ғәлле садақасын бөлеклеп сынды-
рып, Жаратқан Ийеге хош ийисли
сый қылып усынсын. 22 Буны Ха-
рон әўладынан болған бас руўха-
ний Жаратқан Ийеге усынсын. Бул
мәңгиге Жаратқан Ийениң пайы
болады. Усы садақа толығы ме-
нен түтетип жандырылыўы ти-
йис. 23 Бас руўханийдиң берген ҳәр
бир ғәлле садақасы толығы менен
жандырып жиберилсин, оны жеў-
ге болмайды.

## Гүна қурбанлығын бериў қағыйдалары

24 Жаратқан Ийе Муўсаға бы-
лай деди:
25 – Харон ҳәм оның улларына
былай деп айт: «Гүна қурбанлы-
ғын бериў қағыйдасы мынадай:
гүна қурбанлығы жандырыла-
туғын қурбанлық шалынатуғын
жерде, Жаратқан Ийениң алдын-
да шалынсын. Ол – жүдә мухаддес.
26 Гүна қурбанлығын усыныўды
орынлайтуғын руўханий оның гө-
шин мухаддес жерде, Ушырасыў
шатырының ҳәўлисинде жесин.
27 Қурбанлықтың гөшине тийип
кеткен ҳәр бир нәрсе мухаддес бо-
лады. Оның қаны кимниң кийи-
мине шашыраса, кийим мухаддес
жерде жуўылсын. 28 Қурбанлық-
тың гөши писирилген ылай ыдыс
сындырып тасланыўы керек. Егер
гөш қола ыдыста писирилген бол-
са, ыдыс ысқылап тазаланып, суў
менен жуўылсын.
29 Руўханийлер әўладынан бол-
ған ҳәр бир ер адам гүна қурбан-
лығының гөшинен жеўине болады.
Бул қурбанлық жүдә мухаддес.
30 Бирақ гүна қурбанлығының қа-
ны Ушырасыў шатырының ишине,
гүнадан пәклеў ушын Мухаддес

бөлмеге алып кирилсе, бундай қур-
банлықтың гөшин жеўге болмайды.
Ол толығы менен отқа жандырып
жиберилиўи тийис».

### Айып қурбанлығын бериў қағыйдалары

7 [1] «Айып қурбанлығы жүдә му-
хаддес. Бул қурбанлықты бериў
қағыйдасы мынадай: [2] айып қурбан-
лығы жандырылатуғын қурбанлық
шалынатуғын жерде шалынсын ҳәм
оның қаны қурбанлық орынның
төрт қапталына серпип жиберилсин.
[3] Малдың пүткил майын: қуйрық
майын, ишеклерин қаплаған шарбы
майларын, [4] еки бөтекесин, олардың
майларын ҳәм бауырының төмен-
ги ушын ажыратып алсын. [5] Руўха-
ний булардың ҳәммесин қурбанлық
орынның үстинде Жаратқан Ийе-
ге сый қылып түтетип жандырсын.
Бул – айып қурбанлығы.

[6] Руўханийлер әўладынан болған
ҳәр бир ер адам бул қурбанлықтан
жеўине болады. Қурбанлық жүдә
мухаддес болғанлықтан, мухаддес
жерде желиниўи тийис.

[7] Айып ҳәм гүна қурбанлықлары
ушын бирдей қағыйда қолланыла-
ды. Қурбанлықтың гөши гүнадан
пәклеў рәсимин өткерген руўха-
нийге тийисли. [8] Жандырылатуғын
қурбанлықтың териси де қурбан-
лықты усынған руўханийге тийис-
ли. [9] Тандырда жабылған, қазанда
ямаса табада писирилген ҳәр қан-
дай ғәлле садақасы да оны усын-
ған руўханийге тийисли болады.
[10] Зәйтүн майы қосылған ямаса
қурғақ ғәлле садақасы да Харон-
ның улларына тийисли. Олар оны
өз ара тең бөлисип алсын».

### Татыўлық қурбанлығын бериў қағыйдалары

[11] «Жаратқан Ийеге татыўлық
қурбанлығын бериў қағыйда-
сы мынадай: [12] егер ким де ким
Жаратқан Ийеге миннетдаршылық
билдириў ушын қурбанлық бер-
мекши болса, қурбанлыққа қоса
зәйтүн майы қосылған ашытқы-
сыз шөреклер, үстине зәйтүн ма-
йы жағылған пәтирлер ҳәм сапалы
уннан зәйтүн майына қарылған
ашытқысыз шөреклерди берсин.
[13] Жаратқан Ийеге миннетдаршы-
лық билдириў ушын, татыўлық
қурбанлығын ашытқы салынған
шөреклер менен бирликте берсин.
[14] Усы ғәлле садақасының ҳәр би-
ринен бир дана наннан ажыра-
тып, Жаратқан Ийеге усынсын.
Бул нанлар татыўлық қурбанлы-
ғының қанын қурбанлық орын-
ға серпкен руўханийге тийисли
болады. [15] Жаратқан Ийеге мин-
нетдаршылық билдириў ушын бе-
рилген татыўлық қурбанлығының
гөши қурбанлық берилген күни
желинсин, ол азанға дейин қал-
дырылмасын.

[16] Егер ким де ким ўәде бойынша
берилетуғын қурбанлық ямаса ық-
тыярлы қурбанлық бермекши бол-
са, қурбанлықтың гөши берилген
күни желинсин. Егер аўысып қал-
са, ертеңине желинсе де болады.
[17] Бирақ үшинши күни қурбанлық-
тың қалған гөши отқа жағып жи-
берилиўи тийис. [18] Егер татыўлық
қурбанлығының гөши үшинши кү-
ни желинсе, сол адамның усынған
қурбанлығы қабыл етилмейди ҳәм
есапқа алынбайды. Өйткени гөш

ҳарам саналады ҳәм оны жеген ҳәр
бир адам айыплы саналып, жазаға
тартылады.
[19] Ҳәр қандай ҳарам нәрсеге ти-
йип кеткен қурбанлық гөшин жеў-
ге болмайды. Ондай гөшти жағып
жибериў керек. Ал ҳарамланбаған
гөштен пәк деп саналған ҳәр бир
адамның жеўине болады. [20] Би-
рақ егер бир адам ҳарам бола ту-
ра, Жаратқан Ийеге берилген
татыўлық қурбанлығын жесе, ол
халық арасынан жоқ қылынсын.
[21] Және де, ким де ким ҳарам са-
налған бир нәрсеге, адамнан шық-
қан ҳарамлайтуғын нәрсеге ямаса
ҳарам ҳайўанға бир жерин тий-
гизип, Жаратқан Ийеге берилген
татыўлық қурбанлығының гөши-
нен жесе, ол халық арасынан жоқ
қылынсын».

### Май ҳәм қан жемеңлер

[22] Жаратқан Ийе Муўсаға бы-
лай деди:
[23] – Израил халқына былай деп
айт: «Мал, қой ҳәм ешкиниң ишки
майын ҳасла жемеңлер. [24] Ҳарам
өлген ямаса жабайы ҳайўанлар
тәрепинен таланып тасланған
ҳайўанның майын ҳәр қандай
мүтәжликлериңизге ислетсеңиз
болады, бирақ оны ҳеш қашан же-
меңлер. [25] Ким де ким Жаратқан
Ийеге сый қылып берилген мал-
лардың бириниң майын жесе, ол
өз халқы арасынан жоқ қылын-
сын. [26] Қай жерде жасасаңыз да,
ҳеш қандай қус ямаса ҳайўан-
ның гөшин қаны менен жемең-
лер. [27] Қан жеген ҳәр бир адам
өз халқының арасынан жоқ қы-
лынсын».

### Руўханийлердиң пайы

[28] Жаратқан Ийе Муўсаға бы-
лай деди:
[29] – Израил халқына былай деп
айт: «Ким де ким татыўлық қур-
банлығын бермекши болса, ол қур-
банлықтың бир бөлегин Жаратқан
Ийеге сый етип берсин. [30] Сол адам
қурбанлықтан сый етип берип
атырған майды ҳәм төсти өз қолы
менен әкелсин ҳәм төсти Жаратқан
Ийениң алдында жоқары көтерип
усынсын.
[31] Руўханий майды қурбанлық
орынның үстинде түтетип жан-
дырсын, бирақ төс Харон ҳәм оның
улларына тийисли. [32] Татыўлық
қурбанлығының оң санын сый ре-
тинде руўханийге бериң. [33] Харон-
ның улларынан қайсы бири усы
татыўлық қурбанлығының қанын
ҳәм майын усынса, оң сан соның
пайы болады. [34] Себеби Мен Из-
раил халқының татыўлық қурбан-
лықларының усы төсин ҳәм сан
жилигин алып, буларды Израил
халқынан мәңгиге берилген пай
сыпатында руўханий Харонға ҳәм
оның улларына бердим».
[35] Харон ҳәм оның уллары руў-
ханий болып тайынланған күннен
баслап, олардың пайына Жаратқан
Ийеге берилген сыйлардан усылар
тийди. [36] Харон ҳәм оның уллары
майланып, хызметке тайынлан-
ған күнинен баслап, Жаратқан Ийе
Израил халқына усы жиликлерди
оларға бериўин буйырды. Бул әў-
ладлар бойы олардың мәңги па-
йы болады.
[37] Мине, жандырылатуғын қур-
банлық, ғәлле садақасы, айып

қурбанлығы, гүна қурбанлығы,
хызметке тайынлаў рәсими ҳәм
татыўлық қурбанлығы туўралы
қағыйдалар усылардан ибарат.
38 Израил халқы Синай шөлин-
де болған ўақытта, Жаратқан Ийе
усы қурбанлықларды усынып бас-
лаўды Синай таўында Муўсаға бу-
йырған еди.

### Харон ҳәм оның улларының руўханий болып тайынланыўы

8 1 Жаратқан Ийе Муўсаға бы-
лай деди:
2 – Харон ҳәм оның улларын, олар
менен бирге руўханийлик кийим-
лерин, майлаў ушын арналған зәй-
түн майын, гүна қурбанлығы ушын
берилетуғын буғаны, еки қош-
қарды ҳәм бир себет ашытқысыз
нанды алып кел. 3 Кейин пүткил
жәмийетти Ушырасыў шатыры-
ның алдына жыйна.
4 Муўса Жаратқан Ийениң буйры-
ғын орынлады. Ҳәмме Ушырасыў
шатырының алдына жыйналған-
да, 5 Муўса жәмийетке:
– Мен ҳәзир Жаратқан Ийениң
буйрығын әмелге асыраман, – де-
ди де, 6 Харон ҳәм оның улларын
алдыға шығарып, оларды суў ме-
нен жуўыныў рәсиминен өткизди.
7 Соннан кейин, Харонға узын көй-
лек кийгизип, белине белбеў бай-
лады ҳәм оның сыртынан баҳалы
үст кийим кийгизди. Оның үстине
эфодты[a] тағып, белбеўи менен бўу-
ды. 8 Көксине қалталы өңиршени
тақты. Өңиршениң ишине Урим
ҳәм Туммимди[b] салды. 9 Харон-
ның басына сәлле орап, сәллениң
алды бетине мухаддес алтын таж-
ды қойды. Муўса ҳәр бир нәрсени
Жаратқан Ийениң буйырғанындай
қылып иследи.
10 Соңынан Муўса майлаў рә-
симине арналған зәйтүн майын
алып, Мухаддес шатырды ҳәм
оның ишиндеги ҳәр бир нәрсени
майлап, мухаддес қылды. 11 Қур-
банлық орынның үстине майдан
жети рет серпти. Және де, орын-
ның барлық буйымларына, үлкен
ләгенге ҳәм оның туяқларына май
серпип, оларды мухаддес қылды.
12 Харонды мухаддес қылып ба-
ғышлаў ушын, басына зәйтүн ма-
йын қуйып, оны майлаў рәсиминен
өткизди. 13 Соннан соң, Харонның
улларын алдыға шығарды. Оларға
узын көйleклер кийдирип, белле-
рине белбеў байлады ҳәм баслары-
на кишигирим сәлле орады. Муўса
буларды да Жаратқан Ийениң бу-
йырғанындай қылып иследи.
14 Кейин Муўса гүна қурбанлығы
етип берилетуғын буғаны әкелди.
Харон ҳәм оның уллары қолларын
буғаның басына қойды. 15 Муўса
буғаны шалды. Қурбанлық орын-
ды тазалаў ушын, қанды бармағы
менен орынның шақларына сүртип
шықты. Аўысқан қанды қурбанлық
орынның түбине төкти. Усылайын-
ша ол қурбанлық орынды пәклеў
рәсимин өткериўге таярлап, оны
мухаддес қылды. 16 Муўса малдың

---

a 8:7 *Эфод* – бас руўханийдиң кийимлериниң бир бөлеги. Сөзликке қараң.
b 8:8 *Урим ҳәм Туммим* – бул Қудайдың еркин билиў ушын арналған таслар болып, оларды шек таслаў жолы менен қолланған болыўы мүмкин.

иш майларын, баўырының төмен-
ги ушын, еки бөтекесин ҳәм бөтеке
майларын алып, қурбанлық орын-
ның үстинде түтетип жандырды.
17 Ал буғаның қалған бөleклерин –
терисин, гөшин ҳәм дәрисин ор-
даның сыртында жағып жиберди.
Муўса буларды да Жаратқан Ийе-
ниң буйырғанындай қылып иследи.
18 Кейин Муўса жандырылату-
ғын қурбанлыққа бир қошқарды
әкелди. Харон ҳәм оның улла-
ры қолларын қошқардың басына
қойды. 19 Муўса қошқарды шалып,
оның қанын қурбанлық орынның
төрт капталына серпип жибер-
ди. 20 Қошқарды жиликлерге бө-
лип, жиликлерин, геллесин ҳәм
иш майларын түтетип жандырды.
21 Ишек-қарнын ҳәм туяқларын жу-
ўып, қошқарды толығы менен қур-
банлық орынның үстинде түтетип
жандырды. Бул жандырылатуғын
қурбанлық – Жаратқан Ийеге хош
ийисли сый болады. Муўса ҳәмме-
син Жаратқан Ийениң буйырға-
нындай қылып иследи.
22 Буннан соң, Муўса Харон ҳәм
оның улларының руўханийлик-
ке тайынлаў рәсимине арналған
қурбанлық ушын берилетуғын
қошқарды алып келди. Харон ҳәм
оның уллары қолларын қошқар-
дың басына қойды. 23 Муўса қош-
қарды шалып, оның қанын алды.
Қанды Харонның оң қулағының
сырғалығына, оң қолының ҳәм оң
аяғының бас бармақларына сүрт-
ти. 24 Соңынан Харонның улла-
рын алдыға шығарды. Олардың
да оң қулағының сырғалығына,
оң қол ҳәм оң аяғының бас бар-
мақларына қан сүртти. Аўысқан
қанды қурбанлық орынның төрт
қапталына серпип жиберди. 25 Муў-
са малдың майын, яғный қуйрық
майын, иш майларын, баўырының
төменги ушын, еки бөтекесин, бө-
теке майларын ҳәм оң санын алды.
26 Кейин Жаратқан Ийениң ал-
дындағы ашытқысыз нан салын-
ған себеттен бир шөрек, зәйтүн
майы қосылған шөрек ҳәм бир пә-
тир алып, малдың майы менен оң
санының үстине қойды.
27 Муўса булардың ҳәммесин Ха-
рон ҳәм оның улларының қоллары-
на берди. Олар буларды Жаратқан
Ийениң алдында жоқары көтерип
усынды. 28 Кейин Муўса буларды
олардың қолларынан алып, қур-
банлық орынның үстинде жан-
дырылатуғын қурбанлық пенен
бирге түтетип жандырды. Бу-
лар – тайынланыў қурбанлығы,
Жаратқан Ийеге хош ийисли сый
болады. 29 Соң Муўса төсти алып,
оны Жаратқан Ийениң алдында
жоқары көтерип усынды. Тайын-
ланыў қурбанлығы ушын берил-
ген қошқардан Муўсаның пайына
усы төс тийди. Муўса ҳәммесин
Жаратқан Ийениң буйырғанын-
дай қылып иследи.
30 Муўса майлаў рәсимине арнал-
ған зәйтүн майын ҳәм қурбанлық
орындағы қанды алып, Харон ме-
нен оның улларының үстине ҳәм
олардың кийимлерине серпти. Усы-
лайынша, Муўса Харонды, оның
улларын ҳәм олардың кийимлерин
мухаддес қылды.
31 Соң Муўса Харон ҳәм оның
улларына:
– Гөшти Ушырасыў шатырының
кирер аўзының алдында қайнатың.

Оны тайынланыў садақалары салынған себеттеги нан менен бирге сол жерде жеңиз. Маған: «Буны Харон ҳәм оның уллары жесин», – деп
буйырылған. [32] Гөш пенен наннан аўысып қалғанын жағып жибериң.
[33] Руўханийликке тайынланыў рәсимиңиз тамам болғанша, жети күн даўамында Ушырасыў шатырының алдынан ҳеш жаққа шығып кетпең. Себеби тайынланыў рәсимиңиз жети күн даўам етиўи тийис. [34] Бүгин-
ги исленген рәсимди Жаратқан Ийе сизлерди гүналарыңыздан пәклениўиңиз ушын буйырған еди. [35] Жети
күн даўамында күни-түни Ушырасыў шатырының алдында тайын болып, Жаратқан Ийениң буйрығын орынлаўыңыз тийис. Болмаса, өлип қаласызлар. Маған усылай буйрық берилген, – деди.
[36] Солай етип, Харон ҳәм оның уллары Жаратқан Ийениң Муўса арқалы берген барлық буйрықларын орынлады.

## Руўханийлердиң өз хызметин баслаўы

9 [1] Сегизинши күни Муўса Харонды, оның улларын ҳәм Израилдың ақсақалларын шақырды.
[2] Сонда Муўса Харонға былай деди:
– Гүна қурбанлығы ушын минсиз бир тана, жандырылатуғын қурбанлық ушын минсиз бир қошқар алып, оларды Жаратқан Ийеге
усын. [3] Соңынан Израил халқына айт, олар да гүна қурбанлығы ушын бир теке, жандырылатуғын қурбанлық ушын бир жасар минсиз тана менен бир жасар минсиз
тоқлы әкелсин. [4] Жаратқан Ийениң
алдында татыўлық қурбанлығы ушын бир буға ҳәм бир қошқар алып, буған қоса зәйтүн майы менен араластырылған ғәлле садақасын усынсын. Өйткени бүгин оларға Жаратқан Ийе көринеди.
[5] Олар Муўсаның буйырғанларының ҳәммесин Ушырасыў шатырының алдына алып келди. Ҳәмме жақын келип, Жаратқан
Ийениң алдында турды. [6] Сонда
Муўса оларға:
– Жаратқан Ийениң салтанаты сизлерге көриниўи ушын, Ол сизлерге мыналарды ислеўди буйыр-
мақта, – деп, [7] Харонға былай деди:
– Қурбанлық орынға жақынлап, гүна қурбанлығын ҳәм жандырылатуғын қурбанлығыңды бер. Усылай етип, өзиңди де, халқыңды да гүналардан тазала. Соннан кейин, Жаратқан Ийе буйырғанындай, халқыңның қурбанлығын берип, оларды гүналардан пәкле.
[8] Солай етип, Харон қурбанлық орынға жақынласып, өзи ушын гүна қурбанлығына алып келген
тананы шалды. [9] Уллары оған тананың қанын алып келди. Харон бармағын қанға батырып, қурбанлық орынның шақларына сүртти. Аўысқан қанды қурбанлық орынның
түбине төкти. [10] Жаратқан Ийениң Муўсаға берген буйрығы бойынша, ол гүна қурбанлығының майын, еки бөтекесин ҳәм баўырының төменги ушын қурбанлық
орында түтетип жандырды. [11] Ал
тананың гөши менен терисин орданың сыртында жағып жиберди.
[12] Кейин Харон жандырылатуғын қурбанлықты шалды. Оның уллары қурбанлықтың қанын оған берди ҳәм ол қанды қурбанлық

орынның төрт қапталына серпип
жиберди. 13 Соңынан уллары оған
жандырылатуғын қурбанлықтың
барлық жиликлерин ҳәм басын әке-
лип берди. Харон ҳәммесин қур-
банлық орынның үстинде түтетип
жандырды. 14 Ал қурбанлықтың
ишек-қарнын ҳәм туяқларын жу-
ўып, қурбанлық орында жанды-
рылатуғын қурбанлыққа қосып
түтетип жандырды.

15 Буннан соң, Харон халықтың
қурбанлығын алып келди. Халық-
тың гүналары ушын берилген теке-
ни шалды ҳәм биринши қурбанлық
сыяқлы буны да гүна қурбанлығы
сыпатында усынды.

16 Харон жандырылатуғын қур-
банлықты да қағыйдаға сай тә-
ризде берди. 17 Соңынан ол ғәлле
садақасын берди. Оннан бир уўыс
алып, оны азанда берилетуғын
жандырылатуғын қурбанлыққа
қоса қурбанлық орынның үстин-
де түтетип жандырды.

18 Харон халықтың татыўлық
қурбанлығы ушын алып келген
буғасы менен қошқарын да шалды.
Уллары қурбанлықлардың қанын
оған әкелип берди. Ол қанды қур-
банлық орынның төрт қапталына
серпип жиберди. 19 Харонның улла-
ры буға менен қошқардың майын,
яғный қуйрық майын, ишек-қарын-
ларындағы майларын, еки бөтеке-
син ҳәм баўырының төменги ушын
20 төслердиң үстине қойды. Харон
усы майлы бөлеклерди алып, қур-
банлық орында түтетип жандырды.
21 Соннан кейин, Муўсаның бу-
йырғанындай, ол төслерди ҳәм оң
санды Жаратқан Ийениң алдында
жоқары көтерип усынды.

22 Харон гүна, жандырылатуғын
ҳәм татыўлық қурбанлықларын бе-
рип болғаннан соң, қолларын жа-
йып, халыққа пәтия берди. Соннан
соң, ол төменге түсти.

23 Муўса менен Харон Ушырасыў
шатырына кирди ҳәм олар сыртқа
шыққаннан соң, халыққа пәтиясын
берди. Сонда Жаратқан Ийениң
салтанаты пүткил халыққа көрин-
ди 24 ҳәм Жаратқан Ийениң оты
пайда болып, қурбанлық орын-
ның үстиндеги жандырылатуғын
қурбанлықты ҳәм майларды жан-
дырып жиберди. Буны көрген пүт-
кил халық шадланып бақырысып,
ет бетинен жерге жығылды.

### Надаб ҳәм Абиҳудың өлими

10 1 Харонның уллары Надаб
ҳәм Абиҳу түтетки түтетиле-
туғын ыдысларын алып, ишлерине
шоқ, шоқтың үстине түтетки салды.
Олар Жаратқан Ийе усыныўды бу-
йырмаған отты Оның алдына алып
келди. 2 Жаратқан Ийениң оты
пайда болды. От оларды күйдирип
жиберди ҳәм олар Жаратқан Ийе-
ниң алдында өлип қалды. 3 Сонда
Муўса Харонға былай деди:

– Жаратқан Ийениң:

«Маған хызмет еткенлерге
мухаддеслигимди
көрсетемен,
Пүткил халық алдында
салтанатымды ашаман», –

деп айтқаны усы еди. Харон үнде-
меди.

4 Муўса Харонның әкесиниң ини-
си Уззиелдиң уллары Мишаел ҳәм
Элсафанды шақырып алып, оларға:

– Берман келиңлер, туўысқанла-
рыңыздың өли денесин Мухаддес

шатырдың алдынан орданың
сыртына алып шығыңлар, – де-
ди. 5 Олар келди де, Муўсаның бу-
йырғанындай, туўысқанларының
денелерин кийимлеринен услап,
орданың сыртына алып шықты.
6 Буннан соң, Муўса Харонға ҳәм
оның уллары Элазар менен Ита-
марға былай деди:
– Аза тутып, шашларыңызды
жайманлар ҳәм кийимлериңиз-
ди жыртпаңлар. Олай ислесеңиз,
өлесизлер ҳәм Жаратқан Ийе пүт-
кил халыққа қәҳәрленеди. Бирақ
туўысқанларыңыз болған пүт-
кил Израил халқы Жаратқан Ийе
тәрепинен от пенен жоқ қылын-
ғанлар ушын аза тутыўы мүмкин.
7 Ушырасыў шатырының алдынан
ҳеш жаққа шығып кетпеңлер, бол-
маса өлип қаласызлар. Өйткени
сизлер Жаратқан Ийениң май-
лайтуғын майы менен Оған ба-
ғышландыңыз.

Харон ҳәм оның уллары Муўса-
ның айтқанына бойсынды.

## Руўханийлер ушын қағыйдалар

8 Жаратқан Ийе Харонға былай
деди:
9 – Өзиң де, улларың да Ушыра-
сыў шатырына шарап ямаса басқа
өткир ишимликлер ишип кирмең-
лер, болмаса өлип қаласызлар. Бул
әўладлар бойы мәңги қағыйда бол-
сын. 10 Сизлер мухаддес нәрсени
әпиўайы нәрседен, ҳарам нәрсе-
ни ҳадал нәрседен айыра алыўы-
ңыз шәрт. 11 Мениң Муўса арқалы
Израил халқына берген барлық
қағыйдаларымды оларға үйрети-
ўиңиз тийис.

12 Муўса Харонға ҳәм оның қал-
ған уллары Элазар менен Итамар-
ға былай деди:
– Жаратқан Ийеге берилген ғәл-
ле садақасының жандырылмаған
бөлегин алып, оннан ашытқысыз
нан жаўып қурбанлық орынның
қасында жеңлер. Себеби бул – жүдә
мухаддес. 13 Оны мухаддес жерде
жеңлер. Өйткени Жаратқан Ийе-
ге берилген сыйлардан сениң ҳәм
улларыңның пайы усы болады.
Маған усындай буйрық берилди.
14 Ал жоқары көтерип усыныл-
ған төс пенен бағышлап усыныл-
ған санды улларың ҳәм қызларың
менен бирге таза жерде жеңлер.
Өйткени Израил халқының берген
татыўлық қурбанлықларынан се-
ниң ҳәм балаларыңның пайы етип,
усылар берилди. 15 Израил халқы
сый қылып берген май менен бирге
қурбанлықтың сан ҳәм төсин әкел-
син. Олар төс ҳәм санды Жаратқан
Ийеге бағышлап, жоқары көте-
рип усынғаннан кейин, булар са-
ған ҳәм сениң улларыңа бериледи.
Жаратқан Ийениң буйрығына му-
ўапық, булар мәңгиге сениң ҳәм ба-
лаларыңның пайы болады.
16 Муўса гүна қурбанлығы ушын
берилетуғын текени сорастырған-
да, оның жандырып жиберилгенин
билди. Сонда ол Харонның қалған
уллары Элазар ҳәм Итамарға қатты
ашыўланып былай деди:
17 – Не ушын гүна қурбанлығы-
ның гөшин мухаддес жерде же-
медиңлер? Ол – жүдә мухаддес
қурбанлық-ғо! Жаратқан Ийе-
ниң алдында жәмийеттиң гүна-
сын жуўып, оларды пәклеўиңиз
ушын, Жаратқан Ийе оны сизлерге

берген еди. **18** Текениң қаны Мухад-
дес шатырдың ишине алып кирил-
меген. Сизлерге буйырғанымдай,
текени мухаддес жерде жеўиңиз
керек еди.
**19** Харон Муўсаға былай деди:
– Олар бүгин Жаратқан Ийеге гү-
на қурбанлығын ҳәм жандыры-
латуғын қурбанлықты берди. Ал
мениң басыма усындай ис түсти!
Бүгин мен гүна қурбанлығының
гөшинен жегенимде, бул Жаратқан
Ийеге унар ма еди?
**20** Бул сөзди еситип, Муўса буған
ыразы болды.

### Ҳадал ҳәм ҳарам ҳайўанлар

**11** **1** Жаратқан Ийе Муўса ме-
нен Харонға былай деди:
**2** – Израил халқына былай деп
айтыңлар: «Жер бетинде жасайту-
ғын ҳайўанлардан мыналардың гө-
шин жеўиңизге болады: **3** туяқлары
терең етип екиге айырылған аша
туяқлы ҳәм гүйис қайтаратуғын
ҳайўанлардың ҳәммесин. **4** Бирақ
бул ҳайўанлардан тек мыналардың
гөшин жеўиңизге болмайды: түйе
гүйис қайтарады, бирақ оның туя-
ғы екиге айырылмаған. Сонлықтан
ол сизлер ушын ҳарам болады. **5** Да-
ман[a] гүйис қайтарады, бирақ оның
туяғы жоқ. Сонлықтан ол сизлер
ушын ҳарам болады. **6** Қоян гүйис
қайтарады, бирақ оның туяғы жоқ.
Сонлықтан ол сизлер ушын ҳарам
болады. **7** Шошқа екиге айырылған,
аша туяқлы болғаны менен, ол гү-
йис қайтармайды. Сонлықтан ол
сизлер ушын ҳарам болады. **8** Усы
ҳайўанлардың гөшин жемеңлер
ҳәм олардың өлигине де қол тий-
гизбеңлер. Олар сизлер ушын ҳа-
рам саналады.
**9** Суўда жасайтуғын ҳайўанлар-
дан мыналардың гөшин жеўиңизге
болады: теңизде, суўларда жасай-
туғын қалашлы ҳәм қабыршақлы
ҳайўанлардың гөшин жеўиңизге
болады. **10** Теңизде ҳәм суўларда
жасайтуғын қалашсыз ҳәм қабыр-
шақсыз ҳайўанлардың ҳәммеси
сизлер ушын мәкириў саналады.
**11** Булар сизлер ушын жеркениш-
ли саналады. Олардың гөшин же-
меңлер ҳәм өлигинен жеркениңлер.
**12** Суўда жасайтуғын қалашсыз ҳәм
қабыршақсыз ҳайўанлардың ҳәм-
меси сизлер ушын жеркенишли
саналады.
**13** Мына қусларды жеркениш-
ли деп билип, олардың гөшин же-
меңлер: бүркит, күшеген, қара
қус, **14** шайқус, лашын ҳәм оның
түрлери, **15** ғарғаның барлық түр-
лери, **16** үки, батпақ байыўлысы,
шағала ҳәм қаршығаның түрлери,
**17** үй байыўлысы, қарабай, қулақ-
лы жапалақ, **18** ақ қуў, узақша, си-
па, **19** ләйлек ҳәм қутанның түрлери,
өпепек ҳәм жарғанат.
**20** Қанатлы шыбын-ширкейлер-
диң ҳәммеси сизлер ушын жерке-
нишли. **21** Ал олардың ишиндеги
тек ғана узын аяқлары менен се-
кирип жүретуғынларын жеўиңиз-
ге болады. **22** Олар: шегирткениң
барлық түрлери, шекшек шегиртке,
қара шегиртке ҳәм усылардың бар-
лық түрлери. **23** Басқа шыбын-шир-
кейлердиң ҳәммеси сизлер ушын
жеркенишли.

---

a **11:5** *Даман* – сурокқа уқсайтуғын ҳайўан.

[24] Төмендеги ҳайўанлар сизлер-
ди ҳарамлайды, олардың өлигине
бир жерин тийгизген адам кешке
дейин ҳарам саналады. [25] Ким де
ким олардың өлигин тасыса, ол
кийимлерин жуўыўы тийис ҳәм
ол кешке дейин ҳарам саналады.
[26] Туяғы екиге айырылған, бирақ
туяғындағы жарығы терең болма-
ған ҳәм гүйис қайтармайтуғын ҳәр
бир ҳайўан сизлер ушын ҳарам бо-
лады. Оларға бир жерин тийгизген
адам да ҳарам саналады. [27] Төрт
аяқлы ҳайўанлардан пәнжелерин
жерге басып жүретуғын ҳайўан-
лар да сизлер ушын ҳарам бола-
ды. Олардың өлигине бир жерин
тийгизген адам кешке дейин ҳа-
рам саналады. [28] Олардың өлигин
тасыған адам кийимлерин жуўсын
ҳәм ол кешке дейин ҳарам санала-
ды. Өйткени бул ҳайўанлар сизлер
ушын ҳарам.

[29] Жер баўырлап жүриўши мы-
на ҳайўанлар да сизлер ушын ҳа-
рам саналады: гөртышқан, тышқан,
кесирткениң түрлери, [30] геккон,
ешкемер, дийўал кесирткеси, шөл
кесирткеси, хамелеон. [31] Барлық
жер баўырлаўшылар ишинде сиз-
лер ушын ҳарам деп саналатуғын-
лары усылар. Олардың өлигине
бир жерин тийгизген адам кешке
дейин ҳарам саналады. [32] Олар-
дың биреўиниң өлиги бир нәрсе-
ниң үстине түсип кетсе, оны ҳарам
қылады. Сол ҳәр бир исте қолланы-
латуғын ағаш ыдыс, кийим, тери,
я кенеп болсын, оларды суўға са-
лып қойыў керек. Олар кешке де-
йин ҳарам саналып, соңынан ҳадал
саналады. [33] Ал егер ҳайўанның
өлиги ылай ыдыстың ишине түсип
кетсе, онда ыдыстың ишиндеги ҳәр
қандай нәрсе ҳарам саналады ҳәм
ыдыс сындырып тасланыўы керек.
[34] Бундай ыдыстағы суў ишип-жеў-
ге болатуғын азық-аўқатқа тамып
кетсе, онда булар ҳарам саналады.
[35] Усындай ҳайўанлардың бириниң
өлиги नениң үстине түссе де, соны
ҳарам қылады. Ол тандырға ямаса
ошаққа түскен болса, онда олар бу-
зып тасланыўы тийис. Себеби олар
ҳарам болады ҳәм сизлер ушын да
ҳарам саналады. [36] Бирақ өлик түс-
кен булақ ямаса суў сақлағыш ғана
ҳадал саналады. Ал ҳайўанлар-
дың өлигине бир жерин тийгиз-
ген адам ҳарам саналады. [37] Егер
усы ҳайўанлардың бириниң өлиги
егилетуғын туқымға түссе, туқым
ҳадал болып қала береди. [38] Бирақ
егер ол суўға салынған туқымның
үстине түссе, туқым сизлер ушын
ҳарам саналады.

[39] Егер гөшин жеўге болатуғын
ҳайўан ҳарам өлсе, оның өлигине
бир жерин тийгизген адам кешке
дейин ҳарам саналады. [40] Оның
гөшинен жеген адам кийимлерин
жуўыўы тийис ҳәм ол кешке дейин
ҳарам саналады. Өликти тасыған
адам да кийимлерин жуўыўы ти-
йис. Бундай адам кешке дейин ҳа-
рам саналады.

[41] Жер баўырлап жүриўши бар-
лық ҳайўанларды мәкириў санаң-
лар. Оларды жемеңлер. [42] Қарны
менен сүйретилип жүриўши бол-
сын, төрт аяқлы жер баўырлаўшы
ҳәм көп аяқлы жаныўарлар болсын,
олардың ҳеш бирин жемеңлер. Өйт-
кени олар жеркенишли. [43] Олардың
ҳеш бири менен өзиңизди мәкириў
етпеңлер, олар арқалы ҳарам болып

қалмаңлар. 44 Себеби Мен – сиз-
лердиң Қудайыңыз Жаратқан Ийе
боламан. Мухаддес болыў ушын
өзлериңизди Маған бағышлаңлар,
себеби Мен – мухаддеспен. Жер
баўырлаўшылардың ҳеш бири ме-
нен өзлериңизди ҳарамламаңлар.
45 Қудайыңыз болыў ушын, сизлер-
ди Мысырдан шығарған Жаратқан
Ийе – Мен боламан. Мухаддес бо-
лыңлар, өйткени Мен – мухаддес-
пен. 46 Ҳайўанлар, қуслар, суўда
жасаўшы ҳәр түрли ҳайўанлар ҳәм
жер баўырлаўшылар туўралы қа-
ғыйдалар усы болады. 47 Ҳарамды
ҳадалдан, жеўге болатуғын ҳайўан-
ларды жеўге болмайтуғын ҳайўан-
лардан айырып билиңлер!»

### Босанған ҳаялдың тазаланыўы

12 1 Жаратқан Ийе Муўсаға
былай деди:
2 – Израил халқына былай деп
айт: «Егер бир ҳаял ҳәмиледар
болып, ул туўса, ол етеги келген
күнлери сыяқлы, жети күн ҳарам
саналады. 3 Оның баласы сегиз күн-
лигинде сүннет етилсин. 4 Ҳаялдың
қаннан тазаланыў мүддети сеги-
зинши күннен баслап, және отыз
үш күн даўам етсин. Бул шилле
ўақты тамам болмағанша, ҳаял му-
хаддес нәрсеге қол тийгизбеўи ҳәм
Мухаддес шатырға бармаўы тийис.
5 Егер ҳаял қыз туўса, ол еки ҳәпте
даўамында етеги келген күнлери
сыяқлы ҳарам саналады. Соннан
соң, ҳаялдың қаннан тазаланыў
мүддети алпыс алты күн болсын.
6 Ул ямаса қыз туўған ҳаялдың
тазаланыў мүддети питкеннен соң,
ол жандырылатуғын қурбанлық
ушын бир жасар тоқлы, гүна қур-
банлығы ушын бир жас кептер
ямаса бир қумырыны Ушырасыў
шатырының алдына әкелип, руў-
ханийге берсин. 7 Руўханий оларды
Жаратқан Ийениң алдында қур-
банлыққа берип, ҳаял ушын пәклеў
рәсимин өткерсин. Сонда ҳаял қан
кетиўден тазаланған болып сана-
лады. Ул ямаса қыз туўған ҳаялға
байланыслы қағыйда усы болады.
8 Егер ҳаялдың қошқар бериў-
ге шамасы болмаса, онда ол бире-
ўин жандырылатуғын қурбанлық,
ал екиншисин гүна қурбанлығы
ушын еки қумыры ямаса еки жас
кептер әкелсин. Сонда руўханий
ҳаял ушын пәклеў рәсимин өтке-
реди ҳәм ҳаял таза саналады».

### Тери кеселликлери туўралы

13 1 Жаратқан Ийе Муўса ме-
нен Харонға былай деди:
2 – Денесинде жаман тери кесел-
лигине айланыўы мүмкин бол-
ған дақ, бөртпе ямаса ақтаңлағы
бар адам руўханий Харонға ямаса
оның руўханий улларының бири-
не апарылсын. 3 Руўханий териде-
ги жараны тексерип шықсын. Егер
жараның үстиндеги қыл ағарып,
жара ойылған болса, онда бул –
жаман тери кеселлигине тән жа-
ра. Бундай жағдайда терисиндеги
жараның усындай екенлиги анық-
ланған адамды руўханий ҳарам
деп жәрияласын. 4 Ал егер адам-
ның терисинде ақтаңлақ болғаны
менен, ол ойылмаған ҳәм үстин-
деги қыллар ағармаған болса, он-
да руўханий кесел адамды жети
күн басқалардан бөлеклеп қойсын.
5 Жетинши күни руўханий жараны

және тексерип көрсин. Егер жара
сол ҳалында қалып, териге жайыл-
маған болса, онда кесел адамды
және жети күн бөлеклеп қойсын.
6 Руўханий жетинши күни кесел
адамды тағы тексерип көрсин. Егер
жара териге жайылмаған ҳәм ал-
дынғысынан гөре билинбей ба-
ратырған болса, онда ол кеселди
ҳадал деп жәрияласын. Бул – әпи-
ўайы бөртпе болғаны. Кесел адам
кийимлерин жуўсын ҳәм сонда ол
ҳадал деп саналады. 7 Руўханийге
тексерилип, ҳадал деп саналғаннан
кейин, сол адамның терисиндеги
бөртпе жайыла басласа, ол қайта-
дан руўханийге көринсин. 8 Руўха-
ний адамды тағы тексерип шықсын.
Егер адамның терисиндеги бөртпе
жайылған болса, онда руўханий
оны ҳарам деп жәрияласын. Демек,
сол адамның жаман тери кеселли-
гине шалынғаны.

9 Усы кеселдиң белгиси бар адам
руўханийге апарылып, 10 руўханий
оны тексерип шыққанда, териде
ақ дақ табылса, дақтың үстиндеги
қыллар да ақ болып, ол аўзы ашық
жара болса, 11 бул жазылмайтуғын
тери кеселлиги болғаны. Руўха-
ний адамды ҳарам деп жәрияласын,
оны бөлеклеп қойыўдың пайдасы
жоқ. Себеби ол адам әлле қашан
ҳарам болып есапланады.

12 Егер кеселлик жайылып, жара
сол адамды басынан аяғына дейин
қаплаған болса, 13 онда руўханий
оны тексерип шықсын. Егер барлық
денеси таза териге қапланған бол-
са, руўханий оны ҳадал деп жәрия-
ласын. 14 Бирақ егер жараның аўзы
ашық ҳәм қызарған болса, онда
адам ҳарам саналады. 15 Руўханий
қызарған, аўзы ашық жара көр-
се, адамды ҳарам деп жәрияласын.
Усындай жара ҳарам болып, бул
жаман тери кеселлигиниң белгиси.
16-17 Егер жараның аўзы питип, тек
ғана ақ дақ қалған болса, онда руў-
ханий тексерип шығып, ол адамды
ҳадал деп жәрияласын.

18 Егер биреўдиң терисине шый-
қан шығып, ол жазылып кеткен
болса, 19 бирақ шыйқанның ор-
нында ақ ямаса ақшыл қызыл
реңдеги ақтаңлақ пайда болса,
ол руўханийге көриниўи тийис.
20 Руўханий оны тексерип шық-
сын. Егер дақ терең ойылып, үс-
тиндеги түклер ағарған болса,
онда ол адамды ҳарам деп жәрия-
ласын. Бул – шыйқанның орны-
на шыққан жаман тери кеселлиги
болғаны. 21 Бирақ егер руўханий
тексергенде, дақтың үстиндеги
түктиң ағармағанын көрсе, жара
терең ойылмай, алдынғысынан
гөре билинбей баратырған болса,
онда ол адамды жети күн басқа-
лардан бөлеклеп қойсын. 22 Егер
усы ўақыт даўамында жара жа-
йылып баслаған болса, руўханий
ол адамды ҳарам деп жәрияласын.
Өйткени бул – жаман тери кесел-
лиги болғаны. 23 Ал егер ақтаңлақ
сол ҳалында қалып, жайылмаған
болса, бул тек ғана шыйқаннан
қалған тыртық болғаны. Руўха-
ний ол адамды ҳадал деп жәрия-
ласын.

24 Егер биреў күйип қалып, күй-
ген териде қызғыш ямаса ақ дақ
пайда болса, 25 онда руўханий жа-
рақатты тексерип шықсын. Ақтаң-
лақтың үстиндеги түклер ағарып,
дақ терең ойылған болса, демек,

бул – күйген терининң орнында пайда болған жаман тери кеселлиги. Руўханий бундай адамды ҳарам деп жәрияласын. 26 Бирақ егер руўханий ақтаңлақтағы түктиң ағармағанын көрсе, дақ терең ойылмай, алдынғысынан гөре билинбей баратырған болса, онда руўханий ол адамды жети күн басқалардан бөлеклеп қойсын. 27 Жетинши күни руўханий оны және тексерип көрсин. Егер дақ териге жайылған болса, онда ол адамды ҳарам деп жәрияласын. Өйткени ол жаман тери кеселлигине шалынған. 28 Егер теридеги ақтаңлақ сол ҳалында қалып, териге жайылмаған ҳәм алдынғысынан гөре билинбей баратырған болса, онда бул – күйиктен пайда болған тыртық. Руўханий ол адамды ҳадал деп жәрияласын.

29 Бир ер адамның ямаса ҳаялдың басында ямаса ийегинде жара болса, 30 руўханий жараны тексерип шықсын. Жара териде терең орналасқан, үстиндеги түклер жиңишке ҳәм сары болса, онда руўханий аўырыў адамды ҳарам деп жәрияласын. Өйткени бул қотыр жара, бас ҳәм ийекте пайда болған жаман тери кеселлиги. 31 Деген менен, руўханий бундай жараны тексергенде, жараның терең ойылмағанын, бирақ жараның үстинде қара түк жоқ екенин көрсе, онда ол аўырыў адамды жети күн басқалардан бөлеклеп қойсын. 32 Ал жетинши күни руўханий жараны және тексерип көрсин. Егер қотыр жара териге жайылмаған, үстинде сары түк жоқ болып, жара терең ойылмаған болса, 33 онда адамның қотыр болған жеринен басқа ҳәмме жериндеги түклер қырып таслансын. Руўханий аўырыў адамды және жети күн басқалардан бөлеклеп қойсын. 34 Жетинши күни руўханий қотыр жараны тағы тексерип көрсин. Егер қотыр жара териге жайылмаған ҳәм терең ойылмаған болса, онда руўханий сол адамды ҳадал деп жәрияласын. Аўырыў адам кийимлерин жуўсын, сонда ол ҳадал деп саналады. 35 Бирақ аўырыў адам ҳадал деп жәрияланғаннан соң, қотыр жара оның терисине жайылып басласа, 36 руўханий оны қайтадан тексерип шықсын. Егер қотыр жайылған болса, онда сарғайған түкти излемесе де болады. Ол адам ҳарам болып саналады. 37 Ал егер қотыр жара сол ҳалында қалып, үстине қара түк шыққан болса, онда қотыр жазылғаны. Адам ҳадал болады, руўханий оны ҳадал деп жәрияласын.

38 Бир ер адамның ямаса ҳаялдың терисинде ақтаңлақлар пайда болса, 39 онда руўханий оны тексерип шықсын. Теридеги ақтаңлақлар алдынғысынан гөре билинбей баратырған ҳәм ақшыл болса, бул – бөртпе болғаны. Адам ҳадал саналсын.

40-41 Егер адамның төбе шашы ямаса шашының алды бети төгилген болса, онда бул – кәл болғаны. Адам ҳадал саналады. 42 Бирақ кәл болған адамның басында қызғыш ақ жаралар пайда болса, онда ол адамның жаман тери кеселлигине шалынғаны. 43 Руўханий оны тексерип көрсин. Басының төбесиндеги ямаса алды бетиндеги дақлар

жаман тери кеселлигине тән жара-
лар сыяқлы ақшыл қызыл болса,
44 онда адам усындай тери кесел-
лигине шалынған болып, ол ҳа-
рам саналады. Басындағы жара
себепли руўханий оны ҳарам деп
жәриялласын.

45 Жаман тери кеселлигине
шалынған адамның кийимлери
жыртылып, шашлары жайылған
болсын. Адам жүзиниң төменин
жаўып: «Ҳарамман! Ҳарамман!» –
деп бақырсын. 46 Ол адам кесел-
лиги даўамында ҳарам саналып,
халықтан узақта, орданың сыр-
тында жасасын.

### Баз басыў ҳаққында

47-48 – Егер жүн ямаса зығыр ки-
йимди, ҳәр қандай жүн ямаса зы-
ғыр жиптен тоқылған гезлеме, тери
ямаса тери буйымды баз басып
кетсе 49 ҳәм булардағы баз басқан
дақ жасыл ямаса қызыл түске енсе,
онда олар руўханийге көрсетили-
ўи тийис. 50 Руўханий оларды тек-
серип көрип, зыянланған нәрсени
жети күн бөлек сақласын. 51 Же-
тинши күни оны және тексерсин.
Егер кийимде, гезлемеде ямаса
қандай да бир мақсет пенен қол-
ланылған тери буйымда баз басқан
жер жайылса, бул зыянлы болға-
ны. Зыянланған зат ҳарам санала-
ды. 52 Үсти баз басқан ҳәр бир зат
руўханий тәрепинен жағып жибе-
рилсин. Өйткени бул зыянлы нәрсе
болғанлықтан, жандырып жибе-
рилиўи керек.

53 Егер руўханий кийимдеги,
гезлемедеги ямаса қандай да бир
тери буйымдағы баз басқан жер-
диң жайылмағанын көрсе, 54 баз
басқан затты жуўыўды буйыр-
сын. Руўханий оны және жети
күн бөлек сақласын. 55 Соннан
кейин, руўханий оны және тексер-
син. Егер баз жайылмағаны менен
реңи бурынғыдай жасыл ямаса
қызыл болса, ол ҳарам саналады.
Бул заттың иши ямаса сырты баз
басып кетсе, ол жандырып жибе-
рилиўи тийис.

56 Бирақ сол заттың баз бас-
қан жери алдынғысынан гөре би-
линбей баслаған болса, руўханий
кийимдеги, теридеги ямаса гез-
лемедеги баз басқан жерди кесип
тасласын. 57 Егер сол затларда жә-
не баз басқан жер көринсе, ол жа-
йылып баслағаны. Онда бундай
затты жағып жибериўиңиз тийис.
58 Жуўылған кийимнен, гезлеме-
ден ямаса тери буйымнан баз бас-
қан жер жоқ болып кетсе, онда ол
қайтадан жуўылсын. Соннан соң,
ол ҳадал саналады.

59 Баз басқан жүн ямаса зығыр
кийим, гезлеме ямаса тери буйым
ҳарам ямаса ҳадал деп жәриялланы-
ўы ушын қолланылатуғын қағый-
далар усылардан ибарат.

### Жаман тери кеселлигинен тазаланыў ҳаққында

14 1 Жаратқан Ийе Муўсаға
былай деди:

2 – Жаман тери кеселлиги менен
аўырған адамның ҳадал қылына-
туғын күни мына пәклениў қағый-
дасы қолланылыўы тийис: аўырыў
адам руўханийге апарылсын. 3 Руў-
ханий оны тексериў ушын орданың
сыртына шықсын. Егер аўырыў
адам тәуир болған болса, 4 руўха-
ний оны пәклеў ушын еки ҳадал

тири қус, кедр[a] ағашын, қырмызы
жип ҳәм майоран шөбин[b] әкелиўди
буйырсын. 5 Руўханийдиң буйры-
ғы менен қуслардың биреўин таза
булақ суўы қуйылған ылай ыдыс-
тың үстинде шалсын. 6 Кейин руў-
ханий тири қусты, кедр ағашын,
қырмызы жипти ҳәм майоран шө-
бин сойылған қустың қаны менен
араластырылған таза булақ суўы-
на батырсын 7 ҳәм тери кеселлиги-
нен пәкленетуғын адамның үстине
жети мәрте серпсин. Соннан кейин,
руўханий оны ҳадал деп жәриялап,
тири қусты ашық далаға жиберсин.
8 Пәкленетуғын адам кийимлерин
жуўып, барлық шашларын қыр-
қып тасласын ҳәм суўға жуўынсын,
сонда ол ҳадал саналады. Кейин ол
ордаға кириўине болады, бирақ
жети күн шатырының сыртында
жасасын. 9 Жетинши күни ол ша-
шын, сақалын, қасларын ҳәм дене-
синдеги барлық жүнлерин қырып
тасласын. Кийимлерин жуўып, өзи
де суўға жуўынып болғаннан соң,
ҳадал саналады.

10 Сегизинши күни ол минсиз еки
еркек тоқлы, бир жасар минсиз
қой, ғәлле садақасы сыпатында
зәйтүн майы менен араластырыл-
ған оннан үш эфа сапалы ун ҳәм
бир лог[c] зәйтүн майын алып кел-
син. 11 Пәклеў хызметин орын-
лап атырған руўханий булардың
барлығын ҳәм пәкленип атырған
адамды Жаратқан Ийениң алды-
на, Ушырасыў шатырының алды-
на алып келсин. 12 Кейин руўханий
тоқлылардың биреўин алып, оны
бир лог зәйтүн майы менен бирге
айып қурбанлығы етип усынсын.
Буларды Жаратқан Ийениң ал-
дында жоқары көтерип усынсын.
13 Тоқлыны гүна қурбанлығы ҳәм
жандырылатуғын қурбанлық ша-
лынатуғын мухаддес жерде шал-
сын. Өйткени гүна қурбанлығы
сыяқлы айып қурбанлығы да руў-
ханийге тийисли. Бул қурбанлық
жүдә мухаддес болып есапланады.
14 Руўханий пәкленетуғын адам-
ның оң қулағының сырғалығына,
оң қолының ҳәм оң аяғының бас
бармағына айып қурбанлығының
қанынан сүртсин. 15 Соннан кейин,
ол бир лог зәйтүн майынан азған-
тай алып, өзиниң шеп алақанына
қуйсын. 16 Оң қолының бармағын
сол майға батырып, Жаратқан Ийе-
ниң алдында жети мәрте серпсин.
17 Пәкленетуғын адамның оң қу-
лағының сырғалығына, оң қолы-
ның ҳәм оң аяғының бас бармағына
айып қурбанлығынан сүртилген
қанның үстине қолындағы май-
дан сүртсин. 18 Соның менен бирге,
руўханий алақанында аўысып қал-
ған майды пәкленетуғын адамның
басына сүртип, Жаратқан Ийениң
алдында оны пәклесин.

19 Соннан соң, руўханий гүна қур-
банлығын берип, пәкленетуғын
адамды ҳарамлығынан пәклесин.
Бұннан кейин жандырылатуғын
қурбанлықты шалып, 20 оны ғәлле
садақасы менен бирге қурбанлық
орында жағып жиберсин. Усылай

---

a **14:4** *Кедр* – қарағай ағашқа уқсас нәҳән теректиң бир түри.
b **14:4** *Майоран шөби* – бул назбайгүл шөбине туқымлас өсимлик.
c **14:10** *Бир лог* – шама менен 0,3 л.

етип, руўханий оны пәклейди ҳәм
сол адам ҳадал болып есапланады.
21 Егер де ол адам жарлы болып,
буларды алыўға шамасы келме-
се, пәклениўи ушын жоқары көте-
рип усынатуғын айып қурбанлығы
ушын бир еркек тоқлы, ғәлле са-
дақасы ушын зәйтүн майы қо-
сылған оннан бир эфа сапалы ун
ҳәм бир лог зәйтүн майын алып
келсин. 22 Ол биреўин гүна қур-
банлығы, екиншисин жандырыла-
туғын қурбанлық етип бериў ушын
шамасы келгенинше, еки қумы-
ры ямаса еки жас кептер әкелсин.
23 Ол булардың ҳәммесин пәклениў
ушын сегизинши күни Жаратқан
Ийениң алдына, Ушырасыў ша-
тырының алдына алып келип, руў-
ханийге берсин. 24 Руўханий айып
қурбанлығы ушын берилген тоқ-
лыны ҳәм бир лог зәйтүн майын
алып, Жаратқан Ийениң алдында
жоқары көтерип усынсын. 25 Со-
ңынан айып қурбанлығы ушын бе-
рилетуғын тоқлыны шалып, оның
қанынан алып, пәкленетуғын адам-
ның оң қулағының сырғалығы-
на, оң қолының ҳәм оң аяғының
бас бармағына сүртсин. 26 Соннан
соң, руўханий өзиниң шеп алақа-
нына азғантай зәйтүн майын қу-
йып, 27 оң қолының бармағын сол
майға батырып, Жаратқан Ийе-
ниң алдында жети мәрте серпсин.
28 Ол қолындағы майдан пәкле-
нетуғын адамның оң қулағының
сырғалығына, оң қолының ҳәм оң
аяғының бас бармағына айып қур-
банлығының қаны сүртилген жерге
сүртсин. 29 Соның менен бирге, руў-
ханий Жаратқан Ийениң алдын-
да пәкленетуғын адамды пәклеў
ушын, қолында қалған майды оның
басына сүртсин. 30-31 Соннан ке-
йин, сол адамның шамасы жетке-
нине қарап, алған қумырылардан
ямаса кептерлерден биреўин гүна
қурбанлығы, екиншисин жанды-
рылатуғын қурбанлық етип, ғәл-
ле садақасы менен бирге усынсын.
Руўханий усылай етип, сол адамды
Жаратқан Ийениң алдында пәк-
лесин. 32 Жаман тери кеселлиги
менен аўырып, тәўир болғаннан
кейин тазаланыўы ушын жағдайы
төмен адамлар ушын қағыйдалар
усылардан ибарат.

### Көгериўден тазаланыў

33 Жаратқан Ийе Муўса менен
Харонға былай деди:
34 – Сизлерге мүлик қылып бе-
ретуғын Қанан жерине киргени-
ңизден кейин, елиңиздеги бир үйге
көгерип, баз басыў бәлесин жибер-
сем, 35 үйдиң ийеси руўханийге ба-
рып: «Үйимде көгериўге уқсаған
бир нәрсе көрдим», – деп хабар бер-
син. 36 Руўханий көгериўди көриўге
бармасынан алдын, үйдеги ҳәр бир
нәрсе ҳарам деп саналмаўы ушын,
оларды сыртқа шығарып қойыў-
ды буйырсын. Соннан кейин, ол
үйди көриўге барсын. 37 Ол көгер-
ген дийўалларды көзден өткерсин.
Егер көгериўдеги жасыл ямаса қы-
зыл түсли дақлар дийўалға сиңип
баратырған болса, 38 онда руўха-
ний үйден шығып, үйди жети күн
даўамында жаўып қойсын. 39 Ол
жетинши күни қайтып барып, үй-
ди және көзден өткерсин. Егер де
көгериў дийўалларға жайылған
болса, 40 көгерген тасларды алып
таслап, қаланың сыртына, ҳарам

саналатуғын бир жерге апарып тас-
лаўды буйырсын. 41 Үйдиң ишин-
деги барлық сыбаўды түсиртип,
буларды да қаланың сыртындағы
сол жерге таслатсын. 42 Алынған
таслардың орнына басқа таслар
қаланып, үй жаңадан сыбалсын.
43 Соннан кейин де үйде көгериў
және пайда болса, 44 руўханий ба-
рып, үйди көзден өткерсин. Көге-
риў жайылса, ол зыянлы болып,
үй ҳарам саналады. 45 Бундай үй
бузып таслансын. Оның таслары,
ағашлары, барлық сыбаўлары қа-
ланың сыртындағы ҳарам жерге
апарып таслансын. 46 Үй жабыл-
ған күнлери, оған кирген ҳәр бир
адам кешке дейин ҳарам санала-
ды. 47 Сол үйде жатқан ямаса аўқат
жеген адам кийимлерин жуўсын.
48 Ал егер де үй сыбалғаннан соң,
руўханий үйге кирип, көзден өт-
кергенде, сол көгериў жайылма-
ған болса, онда руўханий үйди таза
деп жәрияласын. Өйткени көгериў
жоқ болды. 49 Руўханий үйди пәк-
леў ушын еки қус, кедр ағашын,
қырмызы жип ҳәм майоран шөбин
алсын. 50 Қуслардың биреўин таза
булақ суўы қуйылған ылай ыдыс-
тың үстинде шалсын. 51 Кедр аға-
шын, майоран шөбин, қырмызы
жипти ҳәм тири қусты алып, ша-
лынған қустың қаны менен ара-
ластырылған таза булақ суўына
батырсын да, оны жети мәрте үйге
серпсин. 52 Усылай етип, руўханий
үйди пәклегеннен соң, 53 тири қус-
ты қаланың сыртына, ашық дала-
ға ушырып жиберсин. Солай етип,
үй пәкленип, таза болады.
54-55 Ҳәр түрли тери кеселли-
ги, қотыр жара, дақ, бөртпе ямаса
ақтаңлақлар, және де, кийим ҳәм
үйлерде пайда болатуғын баз ба-
сыў менен көгериўге байланыс-
лы қағыйдалар усылардан ибарат.
56 Булардың қашаннан берли ҳарам,
қашаннан берли ҳадал болғаны усы
нызам бойынша билинеди.

## Адамды ҳарам қылатуғын нәрселер туўрысында

**15** 1 Жаратқан Ийе Муўса ме-
нен Харонға былай деди:
2 – Израил халқына былай деп
айтыңлар: «Еркектиң жынысый
ағзасынан ириң ажыралып шық-
са, ол ҳарам саналады. 3 Адамнан
ажыралып шығатуғын ириң ҳақ-
қында нызам мынадай: ириң ақ-
са да, қойыўласып иркилип қалса
да, адам ҳарам саналады. 4 Бундай
адамның жатқан төсеги ҳәм отыр-
ған ҳәр бир нәрсеси ҳарам сана-
лады. 5 Ким де ким оның төсегине
бир жерин тийгизсе, кийимлерин
жуўсын, өзи де жуўынсын. Ол кеш-
ке дейин ҳарам саналады. 6 Сол
адамның отырып кеткен жерине
отырған адам да кийимлерин жу-
ўып, өзи жуўынсын ҳәм ол кешке
дейин ҳарам саналады. 7 Ким де
ким ириң ағып жүрген адамға бир
жерин тийгизсе, кийимлерин жуў-
сын ҳәм өзи де жуўынсын. Ол кеш-
ке дейин ҳарам саналады. 8 Егер де
ириң ағып жүрген адамның түки-
риги пәк адамға шашырап кетсе,
түкирик шашыраған адам кийим-
лерин жуўсын, өзи де жуўынсын.
Ол кешке дейин ҳарам саналады.
9 Ириңи бар адам минген ҳәр бир
аттың ери ҳарам саналады. 10 Усы
адам отырған ҳәр бир нәрсеге бир
жерин тийгизген адам кешке дейин

ҳарам саналады. Бул затларды кө-
терип жүрген ҳәр бир адам кийим-
лерин жуўсын, өзи де жуўынсын.
Ол кешке дейин ҳарам саналады.
11 Ириңи бар адам қолларын жуў-
май, биреўге қолын тийгизсе, сол
адам кийимлерин жуўсын, өзи де
жуўынсын. Ол кешке дейин ҳарам
саналады. 12 Ириңи бар адам усла-
ған ҳәр бир ылай ыдыс сындырып
таслансын, ал ағаш ыдыс болса, суў
менен жуўылсын.

13 Егер адамның ириңи тоқтап,
тәўир болса, жети күн өтиўи тийис.
Соннан кейин, ол кийимлерин жу-
ўып, ағын суўда жуўынсын, сонда
ол таза болып саналады. 14 Сеги-
зинши күни ол еки қумыры ямаса
еки жас кептер алып, Жаратқан
Ийениң алдына, Ушырасыў шаты-
рының алдына әкелсин ҳәм булар-
ды руўханийге берсин. 15 Руўханий
олардың биреўин гүна қурбанлы-
ғы, екиншисин жандырылатуғын
қурбанлық етип берсин. Усылай
етип, руўханий ириңи бар болған
адамды Жаратқан Ийениң алдын-
да пәклесин.

16 Егер де бир еркек адамның
урығы ақса, пүткил денесин суў-
ға жуўсын ҳәм ол кешке дейин ҳа-
рам саналады. 17 Үстине жынысый
туқымлық тамған ҳәр бир кийим
ямаса тери затлар суў менен жу-
ўылсын ҳәм олар кешке дейин ҳа-
рам саналады. 18 Еркек бир ҳаял
менен жатып, еркектен урық ақса,
екеўи де жуўынсын ҳәм олар кеш-
ке дейин ҳарам саналады.

19 Егер ҳаялдың әдеттегидей етек
кири келип жүрсе, ол жети күн да-
ўамында ҳарам саналады. Оған бир
жерин тийгизген адам да кешке
дейин ҳарам саналады. 20 Етек кири
келип жүрген ўақтында, ҳаялдың
төсеги де, ол үстинде отырған ҳәр
бир нәрсе де ҳарам саналады. 21-
22 Ким де ким сол ҳаялдың төсегине
ямаса ол отырған затқа бир жерин
тийгизсе, кийимлерин жуўсын, өзи
де суўға жуўынсын. Ол кешке де-
йин ҳарам саналады. 23 Ҳаялдың
төсегиниң ямаса ол отырған зат-
тың үстинде турған бир нәрсеге
жантасқан ҳәр бир адам кешке де-
йин ҳарам саналады. 24 Егер еркек
етек кири келип жүрген ҳаял ме-
нен жатса, еркек те ҳарам санала-
ды. Ол еркек жети күн ҳарам болып,
ол жатқан ҳәр бир төсек те ҳарам
саналады.

25 Егер ҳаялдың етек киринен
тысқары қан келсе ҳәм бул узақ
ўақыт даўам етсе, ямаса етек кири
әдеттен тыс узайып кетсе, онда ол
усы ўақыт даўамында да етек ки-
ри ўақтындағыдай ҳарам саналады.
26 Усы ўақыт даўамында ҳаялдың
жатқан төсеги ямаса отырған ҳәр
бир нәрсе етеги келип жүрген ўақ-
тындағы сыяқлы ҳарам санала-
ды. 27 Ким де ким сол нәрселерге
жантасса, ҳарам болып есаплана-
ды. Ол кийимлерин жуўсын, өзи
де жуўынсын. Ол кешке дейин ҳа-
рам саналады.

28 Ҳаялдың қаны тоқтағаннан
соң жети күн өтиўи тийис, соннан
кейин ол таза болып есапланады.
29 Сегизинши күни ол еки қумыры
ямаса еки жас кептерди Ушырасыў
шатырының алдына алып келсин
ҳәм оларды руўханийге берсин.
30 Руўханий олардың биреўин гү-
на қурбанлығы, екиншисин жан-
дырылатуғын қурбанлық қылып

усынсын. Усылай етип, руўханий
қан кетиўден ҳарамланған ҳаялды
Жаратқан Ийениң алдында пәк-
лесин.
31 Израил халқын ҳарамлықтан
усылай сақлаң. Солай етип, ара-
ңызда жайласқан Мениң Мухаддес
шатырымды ҳарам қылып, өлип
қалмаңлар.
32-33 Жынысый ағзасынан ириң
ямаса урығы аққан адам, етек ки-
ри келип жүрген ҳаял ҳәм усындай
жағдайдағы ҳаял менен жатқан
еркекке байланыслы қағыйдалар
усы болады».

### Гүнадан пәклениў күни

16 1 Жаратқан Ийениң алдына
жақынлаған ўақытта өлген
Харонның еки улының өлиминен
соң, Жаратқан Ийе Муўса менен
сөйлесип, 2 оған былай деди:
– Әжағаң Харонға айт, ол Ең му-
хаддес бөлмеге, перדениң артына,
Келисим сандығының үстиндеги
гүнадан пәклейтуғын қақпақтың
алдына тек белгиленген ўақыт-
та кирсин. Басқа ўақытта кирсе,
ол өлип қалады. Себеби Мен булт
ишинде, қақпақтың үстинде пай-
да боламан. 3 Харон Ең мухаддес
бөлмеге киретуғын ўақытта гүна
қурбанлығы ушын бир буға, жан-
дырылатуғын қурбанлық ушын
бир қошқар усынсын. 4 Ол зығыр-
дан исленген мухаддес узын көйлек,
зығыр диз кийим кийсин, зығыр
белбеў байласын ҳәм басына зы-
ғыр сәлле орасын. Булар мухаддес
кийимлер, соның ушын оларды
киймestен алдын жуўынып алсын.
5 Израил жәмийети де гүна қур-
банлығы ушын Харонға еки те-
ке, жандырылатуғын қурбанлық
ушын бир қошқар әкелсин.
6 Харон өзин ҳәм шаңарағын
пәклеў ушын, гүна қурбанлығы
етип бир буға усынсын. 7 Соннан
кейин, ол еки текени Жаратқан
Ийениң алдына, Ушырасыў шаты-
рының алдына алып келсин. 8 Сол
жерде еки теке ушын шек тасла-
нып, қайсысының Жаратқан Ийе
ушын, қайсысының Азазел[a] ушын
дүзге айдап жиберилетуғынын
анықласын. 9 Харон шек бойын-
ша Жаратқан Ийеге тийисли те-
кени алып, гүна қурбанлығы етип
усынсын. 10 Шек бойынша Азазел-
ге жиберилетуғын текени тирилей
Жаратқан Ийениң алдына әкелип,
халықтың гүналарының өтелиўи
ушын дүзге айдап жиберсин.
11 Харон өзин ҳәм шаңарағын
пәклеў ушын гүна қурбанлығына
арналған буғаны шалғаннан соң,
12 ол қурбанлық орыннан шоқлар-
ды алып, түтетки түтетилетуғын
ыдысқа толтырып салсын. Кейин
сол ыдысты ҳәм еки қосуўыс май-
далап унталған хош ийисли тү-
теткини перדениң артындағы Ең
мухаддес бөлмеге алып кирсин.
13 Ол жерде, Жаратқан Ийениң ал-
дында түтеткини шоқлардың үсти-
не қойсын. Оның түтини Келисим
сандығының үстиндеги қақпақты
көзге көринбейтуғын етип қап-
лайды. Сонда Харон өлмей тири
қалады. 14 Соннан кейин, ол буға-
ның қанынан алып, бармағы менен
шығыс тәрептен қақпақтың үстине

---

a **16:8** *Азазел* – бул дүзде жасайтуғын бир жин болыўы мүмкин.

бир мәрте, кейин қақпақтың алды-
на жети мәрте серпсин.
15 Усыдан кейин ол халық ушын
гүна қурбанлығы етип текени шал-
сын. Оның қанын перденің ишки
жағына, Ең мухаддес бөлмеге алып
кирсин. Буғаның қанын серпкен-
дей етип, текениң қанын да сол Ке-
лисим сандығының қақпағының
үстине ҳәм оның алдына серпсин.
16 Усылай етип, Ең мухаддес бөлме-
ни Израил халқының напәкликле-
ринен, жынаятларынан ҳәм барлық
гүналарынан пәклесин. Ең мухад-
дес бөлмениң алдындағы Мухад-
дес бөлме ушын да анық усылай
ислensин. Өйткени шатыр напәк
адамлардың арасында жайласқан.
17 Харон өзиниң, шаңарағының
ҳәм пүткил Израил жәмийетиниң
атынан пәклеў рәсимин өткериў
ушын Ең мухаддес бөлмеге кир-
генде, сыртқа шығаман дегенше,
Ушырасыў шатырында ҳеш ким
болмаўы тийис. 18 Соңынан Харон
Жаратқан Ийениң алдындағы қур-
банлық орынға шығып, қурбанлық
орынды пәклеў ушын, буға менен
текениң қанын қурбанлық орын-
ның шақларына сүртип шықсын.
19 Қанды бармағы менен қурбан-
лық орынға жети мәрте серпсин.
Усылай етип, ол қурбанлық орын-
ды Израил халқының напәклиги-
нен тазалап, мухаддес қылады.
20 Харон Ең мухаддес бөлмени,
оның алдындағы Мухаддес бөл-
мени ҳәм қурбанлық орынды пәк-
легеннен соң, тири текени алып
келсин. 21 Ол еки қолын текениң
басына қойып, Израил халқының
барлық айыпларын, жынаятларын
ҳәм гүналарын даўыслап тән алып,
буларды текениң басына жүклесин.
Соннан кейин, теке усы ис ушын ар-
наўлы адамға тапсырылсын ҳәм ол
текени қула дүзге айдап жиберсин.
22 Солай етип, теке Израил халқы-
ның барлық айыпларын қула дүзге
алып кетеди.
23 Соннан соң, Харон Ушырасыў
шатырына кирсин. Ол Ең мухаддес
бөлмеге кирер алдында кийип ал-
ған зығыр кийимлерин шешип, Му-
хаддес бөлмеде қалдырсын. 24 Ол
мухаддес жерде жуўынып, күнде-
ликли руўханийлик кийимлерин
кийсин. Соннан соң, өзи ҳәм халық
ушын берилетуғын жандырыла-
туғын қурбанлықларды усынсын.
Усылай етип, ол өзин де, халықты
да гүнадан пәклесин. 25 Гүна қур-
банлығының майын қурбанлық
орында түтетип жандырсын.
26 Ал гүна жүкленген текени
Азазелге жиберип қайтқан адам
кийимлерин жуўсын, өзи де жу-
ўынсын. Соннан кейин, ол ордаға
кире алады. 27 Гүна қурбанлығы
етип берилген ҳәм пәклеў рәси-
мин өткериў ушын қанлары Ең
мухаддес бөлмеге алып кирилген
буға менен теке орданың сырты-
на шығарып таслансын. Олардың
терилери, гөшлери ҳәм дәриси жа-
ғып жиберилсин. 28 Буларды жақ-
қан адам кийимлерин жуўып, өзи
де жуўынғаннан соң, ордаға ки-
ре алады.
29 Сизлер ушын мынаў мәңгиге
қағыйда болсын: жетинши айдың
оныншы күни ораза тутың. Из-
раиллы болсын, араңызда жасап
атырған келгинди адам болсын,
ҳеш бириңиз әдеттеги жумысы-
ңызды ислемең. 30 Өйткени сол

күни руўханий Харон сизлерди
гүналарыңыздан пәклейди. Сонда
сизлер Жаратқан Ийениң алдында
барлық гүналарыңыздан тазала-
насызлар. [31] Сол күн сизлер ушын
толық дем алатуғын Шаббат күни
болады, сол күни ораза тутыңлар.
Бул сизлер ушын мәңги қағыйда
болсын. [32] Әкесиниң орнына бас
руўханийликке тайынланып, май-
ланған руўханий мухаддес зығыр
кийимлерин кийип, пәклеў рәси-
мин өткерсин. [33] Ол Ең мухаддес
бөлмени, Ушырасыў шатырын ҳәм
қурбанлық орынды тазалап, руў-
ханийлердиң ҳәм пүткил жәмийет-
тиң гүналарынан пәклейди.

[34] Израил халқының көп гүнала-
ры себепли жылына бир мәрте пәк-
леў рәсими өткерилсин. Бул сизлер
ушын мәңги қағыйда болсын.

Харон ҳәммесин Жаратқан Ийе-
ниң Муўсаға буйырғанындай етип
орынлады.

### Қанның әҳмийети

17
[1] Жаратқан Ийе Муўсаға
былай деди:
[2] – Харонға, оның улларына ҳәм
пүткил Израил халқына былай
деп айт: «Жаратқан Ийениң буй-
рығы мынаў: [3-4] Егер Израил хал-
қынан биреў бир сыйыр, бир қой
ямаса ешки шалмақшы болса, оны
қурбанлық сыпатында Жаратқан
Ийеге усыныў ушын, Ушырасыў
шатырының алдына алып келиўи
тийис. Егер малды ямаса жанлық-
ты Мухаддес шатырдың алдына
алып келмей, басқа жерде шалса,
ол қан төккен болып, айыплы са-
налсын. Қан төккен сол адам ха-
лықтың арасынан жоқ қылынады.
[5] Солай етип, израиллылар ашық
далаларда сойған қурбанлықла-
рын ендигиден былай Жаратқан
Ийениң алдына алып келсин. Олар
қурбанлықларын Ушырасыў шаты-
рының алдына, руўханийге алып
келсин ҳәм татыўлық қурбанлы-
ғы етип, Жаратқан Ийеге усын-
сын. [6] Руўханий қурбанлықтың
қанын Ушырасыў шатырының ки-
рер аўзының алдындағы Жаратқан
Ийениң қурбанлық орнына сер-
пип жиберсин, майларын болса,
Жаратқан Ийеге хош ийисли сый
қылып, түтетип жандырып жи-
берсин. [7] Буннан былай, Израил
халқының қурбанлықлары теке кө-
ринисиндеги жинлерге берилмесин
ҳәм солай ислеп, олар Жаратқан
Ийеге опасызлық қылмасын. Бул
қағыйдаға әўладлар даўамында
әмел қылынсын».

[8] Оларға және былай деп айт:
«Егер Израил халқынан ямаса ара-
сында жасап атырған келгинди-
лерден биреўи жандырылатуғын
қурбанлық ямаса басқа қурбанлық
берсе, [9] бирақ оны Жаратқан Ийеге
усыныў ушын Ушырасыў шатыры-
ның алдына алып келмесе, ол ха-
лықтың арасынан жоқ қылынады.

[10] Егер Израил халқынан ямаса
арасында жасап атырған келгин-
дилерден биреўи гөшти қаны ме-
нен жесе, Мен оған қарсы шығып,
халқының арасынан жоқ қыламан.
[11] Өйткени жаныўарлардың жаны
қанында болады. Қанды сизлер-
ге қурбанлық орынның үстинде
өзлериңизди гүнадан пәклеўи-
ңиз ушын бердим. Өзинде өмир
болған бул қан сизлерди гүнадан
пәклейди. [12] Соның ушын, Израил

халқына: „Сизлер ямаса араңызда
жасап атырған келгинди адамлар-
дың ҳеш бири гөшти қаны менен
жемесин“, – деп айттым.
13 Израил халқынан ямаса ара-
сында жасап атырған келгинди
адамлардан биреўи жеўге болату-
ғын бир ҳайўан ямаса қус аўласа,
оның қанын топыраққа ағызып
көмип тасласын. 14 Өйткени жа-
ныўарлардың жаны қанында бо-
лады. Сол себепли Мен Израил
халқына: „Ҳеш бир жаныўардың
гөшин қаны менен жемең“, – де-
дим. Оны ишкен адам халықтың
арасынан жоқ қылынады.
15 Израиллы болсын, араңызда
жасап атырған келгинди болсын,
ҳарам өлген ямаса жабайы ҳай-
ўан баўызлап өлтирген ҳайўанның
гөшин жеген ҳәр бир адам кийим-
лерин жуўсын, өзи де жуўынсын.
Ол кешке дейин ҳарам саналады.
Соннан кейин барып, ол ҳадал са-
налады. 16 Егер де ол кийимлерин
жуўмаса, өзи де жуўынбаса, айып-
лы саналып, жазаға тартылады».

## Қадаған етилген жынысый қатнаслар

**18** 1 Жаратқан Ийе Муўсаға
былай деди:
2 – Израил халқына былай деп
айт: «Қудайыңыз Жаратқан Ийе –
Мен боламан. 3 Өзлериңиз бурын
арасында жасаған Мысыр халқы-
ның ҳәм Мениң сизлерди апаратыр-
ған Қанан жериниң үрп-әдетлерине
әмел қылып, олар сыяқлы жаса-
маңлар. 4 Мениң нызамларымды
орынлап, қағыйдаларым бойын-
ша жасаңлар. Мен – Қудайыңыз
Жаратқан Ийемен. 5 Қағыйда ҳәм
нызамларыма әмел қылың. Өйт-
кени адам оларды орынлаўы арқа-
лы өмир сүреди. Мен – Жаратқан
Ийемен.
6 Ҳеш ким жынысый қатнас жа-
саў ушын өз ағайинине жақынла-
масын. Мен – Жаратқан Ийемен.
7 Анаң менен жынысый қатнас қы-
лып, әкеңди шерменде қылма. Ол
анаң болғаны ушын, оның етегин
ашпа. 8 Әкеңниң намысына тий-
меўиң ушын, оның ҳеш бир ҳая-
лы менен жынысый қатнас қылма.
9 Сениң менен бир үйде туўылсын,
басқа жерде туўылсын, анаңнан
ямаса әкеңнен туўылған өгей қа-
рындасларыңның ҳеш бири менен
жынысый қатнас қылма. 10 Қызың-
нан ямаса улыңнан туўылған ақ-
лық қызың менен жынысый қатнас
қылма. Өйткени олар сениң туўған
қаналасларың болады. 11 Әкеңниң
басқа ҳаялынан туўылған қыз бе-
нен жынысый қатнас қылма. Се-
беби ол әкеңнен туўылған, сениң
қарындасың болады. 12 Әкеңниң
әжапасы ямаса қарындасы менен
жынысый қатнас қылма. Өйткени
ол әкеңниң жақын қаналасы бо-
лады. 13 Анаңның әжапасы ямаса
сиңлиси менен жынысый қатнас
қылма. Себеби ол анаңның жақын
қаналасы болады. 14 Әкеңниң аға-
сының яки инисиниң ҳаялы менен
жатып, оларды шерменде қылма.
Себеби ол сениң жеңгең болады.
15 Келиниң менен жынысый қат-
нас қылма. Ол балаңның ҳаялы.
Оның менен жатпа. 16 Ағаңның яки
иниңниң ҳаялы менен жынысый
қатнас қылма. Болмаса олардың
намысына тийесең. 17 Бир ҳаял-
дың өзи менен жынысый қатнаста

болып, оның қызы менен де жы-
нысый қатнас қылма. Ҳаялдың
қызынан ямаса улынан туўылған
ақлық қызы менен жынысый қат-
нас қылма. Себеби олар ҳаялдың
жақын қанласлары. Бул уятсыз ис.
18 Ҳаялың тири ўақтында, оның
әжапасын ямаса сиңлисин ҳаял-
лыққа алма ҳәм оның менен жы-
нысый қатнас қылма.
19 Етеги келип жүргени ушын
ҳарам саналған ҳаял менен жы-
нысый қатнас қылма. 20 Басқа би-
реўдиң ҳаялы менен жынысый
қатнас қылып, өзиңди ҳарамла-
ма. 21 Балаларыңның ҳеш бирин
Молох қудайына арнап, қурбан-
лыққа берме ҳәм усылай ислеп,
Қудайыңның атына тил тийгизбе.
Мен – Жаратқан Ийемен. 22 Ҳаял
менен жатқандай қылып, еркек
пенен жатпа. Бул жеркенишли ис.
23 Ҳеш қандай ҳайўан менен жыны-
сый қатнас қылып, өзиңди ҳарам-
лама. Ҳаяллар да жынысый қатнас
қылыў ушын ҳеш қандай ҳайўан-
ға жақынламасын. Бул – бузық-
лық болады.
24 Усы ис-ҳәрекетлердиң ҳеш би-
ри менен өзлериңизди ҳарамла-
маң. Мен сизлердиң алдыңыздан
қуўып шығарып атырған халық
усындай ислер менен өзлерин ҳа-
рамлаған еди. 25 Олар себепли ел
де ҳарамланған. Олардың гүна-
сы себепли сол жерди жазаладым.
Елдиң өзи турғынларынан кеў-
ли айнып, оларды қусып таслады.
26 Сизлер Мениң қағыйда ҳәм ны-
замларыма әмел қылып жасаңлар.
Израиллы болсын, араңызда жа-
сап атырған келгинди болсын, ҳеш
бир адам бундай жеркенишли исти
ислемесин. 27 Сизлерден алдын бул
елде жасаған адамлар усы барлық
жеркенишли ислерди ислеп, елди
ҳарамлады. 28 Егер сизлер де елди
ҳарамласаңыз, сизлерден алдыңғы
халыққа ислегениндей, ел сизлер-
ди де қусып шығарып жибереди.
29 Ким де ким усы жеркениш-
ли ислердиң биреўин ислесе, ха-
лықтың арасынан жоқ қылынады.
30 Мениң буйрықларымды орын-
лаңлар, сизлерден алдын елде
жасаған адамлардың жеркениш-
ли үрп-әдетлерине әмел қылып,
өзлериңизди ҳарамламаң. Мен –
Қудайыңыз Жаратқан Ийемен».

### Әдиллик ҳәм мухаддеслик нызамлары

**19** 1 Жаратқан Ийе Муўсаға
былай деди:
2 – Израил жәмийетине былай
деп айт: «Мухаддес болың, өйткени
Қудайыңыз Жаратқан Ийе болған
Мен – мухаддеспен.
3 Ҳәр бириңиз өз ата-анаңыз-
ды ҳүрметлең. Мениң Шаббаты-
ма әмел қылың. Мен – Қудайыңыз
Жаратқан Ийемен.
4 Меннен жүз бурып, жалған
қудайларға табынбаң ҳәм өзле-
риңизге бутлардың мүсинлерин
соғып алмаң. Мен – Қудайыңыз
Жаратқан Ийемен.
5 Татыўлық қурбанлығын әкелге-
ниңизде, оны Мен қабыл ететуғын-
дай етип усының. 6 Қурбанлықтың
гөши сойылған күни ямаса ертеңги
күни желиниўи тийис, ал үшинши
күнге қалған гөш жандырып жи-
берилсин. 7 Егер қурбанлықтың
гөши үшинши күни желинсе, ол
ҳарам саналып, қурбанлық қабыл

етилмейди. 8 Оны жеген ҳәр бир
адам айыбының жазасын алады,
себеби Жаратқан Ийениң алдында
мухаддес болғанды аяқ асты қыл-
ған болады. Ондай адам халық ара-
сынан жоқ қылынады.
9 Атызыңыздағы егинлерди
жыйнағаныңызда, оның шетле-
рин ормай қалдырып кетиң, жер-
ге түскен масақларды да жыйнап
алмаң. 10 Жүзим бағыңыздың зү-
рәәтин нәрсе қалдырмай жыйнап
алмаң. Жерге түскен жүзимлерди
де терип алмаң. Оларды жарлылар-
ға ҳәм келгинди адамларға қалды-
рың. Мен – Қудайыңыз Жаратқан
Ийемен.
11 Урлық қылмаң, ҳийлекерлик
қылмаң ҳәм бир-бириңизди алда-
маң. 12 Мениң атым менен өтирик
ант ишип, Қудайыңыздың атына
тил тийгизбең. Мен – Жаратқан
Ийемен.
13 Басқа бир адамның мал-мүл-
кин наҳақлық ҳәм зорлық жолы
менен қолға киргизбең. Жаллан-
ба жумысшының ис ҳақысын таңға
дейин услап турмаң. 14 Гереңге ғар-
ғыс сөз айтпаң, соқырдың алдына
сүрнигетуғын ҳеш нәрсе қоймаң.
Қудайыңнан қорқ. Мен – Жаратқан
Ийемен.
15 Ҳүким ўақтында наҳақлық
етпе. Жарлыларды жақлап, еки
жүзлилик қылмаң, байлардың да
кеўлине қарап ҳәрекет қылмаң. Ҳәр
бир адамды әдиллик пенен ҳүким
етиң. 16 Халқыңыздың арасында
мыш-мыш гәп тарқатыўшы бол-
маң. Олардың өмирине қәўип туў-
дырмаң. Мен – Жаратқан Ийемен.
17 Жүрегиңизде туўысқаныңызға
қарсы жек көриўшилик болмасын.
Туўысқаныңыздың айыбын жү-
зине айтың, сонда оның гүнасына
шерик болмайсыз. 18 Өш алыўшы
болмаң, өз халқыңыздан болған
биреўге қарсы кек сақламаң. Кери-
синше, өзиңизди сүйгениңиз сыяқ-
лы, жаныңыздағы адамды да сүйиң.
Мен – Жаратқан Ийемен.
19 Нызам-қағыйдаларыма әмел
қылыңлар. Ҳайўанның еки түрин
бир-бири менен шағылыстырмаң.
Атызыңызға еки түрли туқым ек-
пең. Үстиңизге еки түрли жиптен
тоқылған кийим киймең.
20 Егер де бир адам басқа бир
еркекке атастырылып қойылған
шоры қыз бенен жатса, ол қыз-
дың қуны төленбеген ямаса еле
азат етилмеген болса, онда екеўи
де жазалансын, бирақ өлтирилме-
син. Өйткени қыз еле азат етилме-
ген. 21 Сол адам Жаратқан Ийеге,
Ушырасыў шатырының алдына
айып қурбанлығы ушын бир қош-
қар алып келсин. 22 Руўханий бул
қошқарды айып қурбанлығы ушын
берип, сол адамды Жаратқан Ийе-
ниң алдында гүнасынан пәклесин.
Сонда ол адамның гүнасы кеши-
риледи.
23 Қанан елине киргеннен соң,
ҳәр түрли мийўе ағашын тиккени-
ңизде, олардың мийўесин үш жыл
даўамында ҳарам санап, оннан же-
меңлер. 24 Ал төртинши жылы сол
ағашлардың барлық мийўесин шү-
кирлик садақасы етип, Жаратқан
Ийеге бағышлаңлар. 25 Бесинши
жылы олардың мийўесин жеўи-
ңизге болады. Усылай қылсаңыз,
мийўе ағашларыңыз мол мийўе-
син береди. Мен – Қудайыңыз
Жаратқан Ийемен.

26 Қаны ағызылмаған гөштен же-
мең. Пал ашыўшылық ҳәм бол-
жаўшылық пенен шуғылланбаң.
27 Шекеңиздиң шашларын кестир-
мең, сақалларыңыздың ушларын
қырықпаң. 28 Марҳумлар ушын аза
тутқаныңызда, денеңизди тилип
жарақатламаң, териңизди тести-
рип, ҳеш нәрсе жаздырмаң. Мен –
Жаратқан Ийемен.

29 Қызыңызды бузықлық қы-
лыўға ийтермелеп, оны бийабырай
қылмаң. Болмаса, бузықшылық
тарап, ел уятсыз қылыққа толып
кетеди. 30 Мениң Шаббатыма әмел
қылың, Мухаддес мәканыма ҳүр-
мет көрсетиң. Мен – Жаратқан
Ийемен.

31 Әрўақларды ҳәм руўхларды
шақыратуғынларға барып, оларға
хабарласпаң. Олар себепли өзлери-
ңизди ҳарамламаң. Мен – Қудайы-
ңыз Жаратқан Ийемен.

32 Жасы үлкенлер алдын-
да орныңнан турып, жасы ул-
лы адамларға ҳүрмет көрсетиң.
Қудайыңыздан қорқың. Мен –
Жаратқан Ийемен.

33 Елиңизде сизлер менен бир-
ге жасап атырған келгиндилер-
ге жаўызлық қылмаң. 34 Оларға
өз жерлесиңиздей қатнаста бо-
лың ҳәм оны өзиңизди сүйгендей
етип сүйиң. Өйткени сизлер де Мы-
сырда келгинди болдыңыз. Мен –
Қудайыңыз Жаратқан Ийемен.

35 Бир нәрсениң узынлығын,
аўырлығын ҳәм сыйымлылығын
өлшегениңизде наҳақлық қылмаң.
36 Тәрезиңиз, аўырлық тасларыңыз,
эфа ҳәм ҳин өлшем ыдысларыңыз
дурыс болсын. Мен сизлерди Мы-
сырдан алып шыққан Қудайыңыз
Жаратқан Ийемен. 37 Барлық қа-
ғыйда ҳәм нызамларыма әмел
қылып, оларды орынлаңлар. Мен –
Жаратқан Ийемен».

### Гүнаның төлеми

**20** 1 Жаратқан Ийе Муўсаға
былай деди:
2 – Израил халқына былай деп
айт: «Израиллылардан ямаса ара-
ңызда жасап атырған келгинди
адамлардан биреўи баласын Мо-
лох қудайына қурбанлық қылса,
ол сөзсиз өлтирилсин. Халық оны
тас боран қылсын. 3 Ким де ким өз
баласын Молохқа қурбанлық қы-
лып, Мениң Мухаддес мәканымды
ҳарамласа ҳәм мухаддес атыма тил
тийгизсе, Мен оған қарсы шығып,
оны өз халқының арасынан жоқ
қыламан. 4 Егер бир адам баласын
Молохқа қурбанлық қылса, буны
елдеги халық көрмегенге салып,
оны өлтирмесе, 5 Өзим сол адамға
ҳәм оның хожалығына қарсы шы-
ғаман. Маған опасызлық қылған
адамның өзин ҳәм оның изинен
жүрип, Молохқа табынғанлардың
ҳәммесин өз халқының арасынан
жоқ қыламан.

6 Ким де ким әрўақларды ҳәм
руўхларды шақыратуғынларға ха-
барласып, Маған опасызлық қыл-
са, Мен оған қарсы шығып, оны өз
халқының арасынан жоқ қыла-
ман. 7 Өзлериңизди Маған бағыш-
лаңлар ҳәм мухаддес болыңлар.
Мен – Қудайыңыз Жаратқан Ийе-
мен. 8 Мениң қағыйдаларыма әмел
қылып, орынлап жүриңлер. Себеби
сизлерди Өзиме ажыратып алып,
мухаддес қылатуғын Жаратқан
Ийемен.

9 Әкесин ямаса анасын ғарғаған
ҳәр бир адам сөзсиз өлтирилсин.
Анасын ямаса әкесин ғарғағаны
ушын, ол адамның қаны өз мой-
нында қалады.

10 Бир адам басқа биреўдиң ҳа-
ялы менен бузықшылық қылса,
онда ол адам да, ҳаял да сөзсиз өл-
тирилсин. 11 Әкесиниң ҳаялы ме-
нен жатқан адам әкесин шерменде
қылған болады. Екеўи де сөзсиз
өлтирилсин. Олардың төгилген
қаны өз мойнында қалады. 12 Егер
бир адам өз келини менен жатса,
екеўи де сөзсиз өлтирилсин. Себе-
би олар бузықлық қылған болады
ҳәм олардың қаны өз мойнында
қалады. 13 Егер бир еркек адам ҳа-
ял менен жатқандай қылып, еркек
пенен жатса, екеўи де жеркенищ-
ли ис қылған болады. Олар сөз-
сиз өлтирилсин ҳәм олардың қаны
өз мойнында қалады. 14 Егер бир
адам қызына да, оның анасына да
үйленсе, ол уятсыз ис қылған бо-
лады. Сизлердиң араңызда усын-
дай уятсыз ҳәрекетлер болмаўы
ушын, үшеўи де отқа жандырыл-
сын. 15 Егер бир еркек ҳайўан ме-
нен жынысый қатнас ислесе, адам
да, ҳайўан да сөзсиз өлтирилсин.
16 Егер бир ҳаял жынысый қат-
наста болыў ушын, бир ҳайўанға
жақынласса, ҳаял да, ҳайўан да
сөзсиз өлтирилсин. Олардың қа-
ны өз мойнында қалады.

17 Бир адам әкеси ямаса анасынан
туўылған қарындасына үйленип,
жынысый қатнас қылса, шермен-
делик болады. Олардың екеўи де
халықтың көз алдында ашық түрде
жоқ қылынсын. Ол адам өгей қа-
рындасының намысына тийгени
ушын, өз айыбының жазасын тар-
тады. 18 Етеги келип жүрген ҳаял
менен жатып, жынысый қатнаста
болған адам оның етек кирин аш-
қан болады, ҳаял да буған шерик-
лес есапланады. Екеўи де халықтың
арасынан жоқ қылынсын.

19 Әкеңниң әжапа-қарындасы
ямаса анаңның әжапа-сиңлиси
менен жынысый қатнас қылма.
Өйткени бул жақын қанласың-
ның намысы. Екеўиңиз де өз айы-
быңыздың жазасын тартасызлар.

20 Әкесиниң аға-инисиниң ҳа-
ялы менен жатқан адам олардың
намысына тийген болады. Екеўи
де гүналарының жазасын тартады
ҳәм перзент көрмей, өлип кетеди.
21 Туўысқанының ҳаялына үйлен-
ген адам жеркенишли ис қылған
болады. Ол туўысқанының намы-
сына тийгени ушын, олар перзент
көрмей өтеди.

22 Мениң барлық қағыйда ҳәм
нызамларыма әмел қылып, олар-
ды орынлаңлар. Сонда Мен сиз-
лердиң жасаўыңыз ушын алып
баратырған жер сизлерден кеў-
ли айнып, қусып шығарып тасла-
майды. 23 Сизлердиң алдыңыздан
қуўып шығаратуғын миллет-
лердиң үрп-әдетлери бойынша
жасамаңлар. Себеби олар усы жа-
ман әдетлердиң ҳәммесин ислеп
киятыр. Сонлықтан Мен олар-
дан жеркендим. 24 Сонда сизлер
олардың жерлерине ийелик ете-
сизлер. Сүт ҳәм пал ағып турған
сол жерди сизлерге мүлик етип
беремен, деген едим. Сизлерди
басқа миллетлерден ажыратып
қойған Қудайыңыз Жаратқан
Ийе – Мен боламан.

25 Сизлер ҳадал ҳәм ҳарам са-
налған ҳайўанлар менен қусларды
ажыратыўыңыз керек. Сизлерге
ҳарам деп айтқан ҳайўанлар, қус-
лар ҳәм жер баўырлаўшыларды
жеп, өзлериңизди ҳарамламаңлар.
26 Мениң алдымда мухаддес бо-
лыңлар, өйткени Жаратқан Ийе
болған Мен – мухаддеспен. Маған
тийисли болыўыңыз ушын, сиз-
лерди басқа халықлардан ажыра-
тып алдым.

27 Әрўақларды ҳәм руўхларды
шақыратуғын еркек те, ҳаял да тас
боран қылынып, сөзсиз өлтирил-
син. Олардың қаны өз мойнында
қалады».

### Руўханийлерге тийисли нызамлар

21 1 Жаратқан Ийе Муўсаға
былай деди:
– Харонның уллары болған
руўханийлерге былай деп айт:
«Руўханийлердиң ҳеш бири өз
ағайинлериниң арасындағы бир
марҳумға жантасып, өзин ҳарамла-
масын. 2 Ал егер де марҳум өзиниң
жақын туўғаны: анасы, әкеси, улы,
қызы, аға-иниси ямаса 3 үйиндеги
турмысқа шықпаған әжапа-қарын-
дасы болса, онда оның өлигине
жантасып, өзин ҳарамлаўы мүмкин.
4 Бирақ қәйин журты тәрепинен
биреў қайтыс болса, сол себепли
өзин ҳарамламасын.

5 Руўханийлер аза тутқанда ша-
шын қырдырып, сақалларының
ушларын қырқтырмасын ҳәм де-
нелерин тилип жарақатламасын.
6 Олар Қудайы ушын мухаддес бол-
сын, Қудайының атына тил тий-
гизбесин. Олар Жаратқан Ийеге
арналған, яғный Қудайына аўқат
сыпатында берилген сыйларды
усынғаны ушын мухаддес болсын.
7 Руўханийлер бузық ямаса зорлан-
ған ҳаялларға ҳәм ажырасқан ҳа-
ялларға үйленбеўи тийис. Себеби
руўханий Қудай ушын мухаддес.
8 Қудайыңызға аўқат сыпатында
берилген сыйларды усынатуғын
руўханийлер болғанлықтан, сизлер
де оларды мухаддес санап, ҳүрмет
қылың. Олар сизлер ушын мухад-
дес. Өйткени Мен сизлерди Өзиме
ажыратып алып, мухаддес қыла-
туғын Жаратқан Ийе – мухаддес-
пен. 9 Егер бир руўханийдиң қызы
бузықлық қылып, өзин ҳарамласа,
онда ол өзин де, әкесин де ҳарамла-
ған болады. Ондай қыз отқа жан-
дырып жиберилсин.

10 Басына майлаў майы қуйылып,
руўханийлик кийимлерди кийиўге
тайынланған ҳәм басқа руўханий-
лерден уллы болған бас руўханий
аза тутып, шашларын жайып жүр-
месин ҳәм кийимлерин жыртпасын.
11 Ол ҳеш қандай өлиге жақын-
ласпасын, ҳәттеки қайтыс болған
әкеси, я анасы болса да, өзин ҳа-
рамламасын. 12 Аза тутыў ушын,
ол Мухаддес шатырдағы хызметин
қалдырмасын, Қудайдың Мухаддес
шатырын ҳарамламасын. Себеби
майланған руўханий Қудайына ба-
ғышланған. Мен – Жаратқан Ийе-
мен. 13 Бас руўханий тек ғана пәк
қызға үйленсин. 14 Ол жесир, күйе-
ўинен ажырасқан, зорланған ямаса
бузық ҳаялға үйленбесин. Тек ға-
на өз халқынан болған пәк қызға
үйленсин. 15 Солай етип, ол өз ур-
пағын ҳарамланыўдан сақласын.
Себеби Мен оны Өзиме ажыратып

алып, мухаддес қылған Жаратқан
Ийемен».
[16] Жаратқан Ийе Муўсаға және
былай деди:
[17] – Харонға былай деп айт: «Ке-
лешекте әўладыңнан денесинде
кемшилиги бар ҳеш бир адам аў-
қат сыпатында берилетуғын сыйды
усыныў ушын Қудайына жақын-
ламасын. [18] Денесинде кемшилиги
бар ҳеш бир адам қурбанлық орын-
ға жақынламасын: соқыр, ақсақ,
майып, сықылсыз, [19] аяғы ямаса
қолы сынық, [20] бүкир, иргежейли,
көзинде кемшилиги бар, қышы-
ма жарасы бар, қотыр ҳәм жыны-
сый қос туқым бези езилген адам.
[21] Руўханий Харонның урпағынан
денесинде кемшилиги бар ҳеш бир
адам Жаратқан Ийениң аўқатын,
яғный Оған арналған сыйларды
усыныў ушын қурбанлық орынға
жақынламасын. [22] Деген менен, ол
адам Қудайына усынылған мухад-
дес ҳәм ең мухаддес аўқаттан же-
ўине болады. [23] Бирақ ол Мухаддес
бөлмедеги пердеге ҳәм қурбанлық
орынға жақынламасын. Себеби
оның денесинде кемшилиги бар.
Ол мухаддес затларға жақынлап,
оларды ҳарамламасын. Мен олар-
ды Өзиме ажыратып алып, мухад-
дес қылатуғын Жаратқан Ийемен».
[24] Муўса Харон менен улларына
ҳәм пүткил Израил халқына усы-
ларды жәриялады.

### Сыйлардың мухаддеслиги

22 [1] Жаратқан Ийе Муўсаға
былай деди:
[2] – Харонға ҳәм оның улларына
былай деп айт: «Израил халқы-
ның Маған беретуғын мухаддес
сыйларына ҳүрмет пенен қарасын,
Мениң мухаддес атыма тил тийгиз-
бесин. Мен – Жаратқан Ийемен.
[3] Егер әўладыңыздан бири Израил
халқының Маған алып келген му-
хаддес сыйларына ҳарам ҳалда жа-
қынласса, ол Мениң дәргайымнан
жоқ қылынады. Мен – Жаратқан
Ийемен.
[4] Харон урпағынан жаман тери
кеселлигине дуўшар болған ямаса
жынысый ағзасынан ириң ажыра-
лып шыққан биреўи таза болмаған-
ша, мухаддес сыйларды жемесин.
Өли денеге тийгени ушын ҳарам
саналған бир нәрсеге жантасқан,
урығы аққан, [5] адамды ҳарам қы-
латуғын жер баўырлаўшылардың
бирине ямаса бир нәрседен ҳарам
саналған бир адамға жантасқан
[6] руўханий кешке дейин ҳарам са-
налады. Ол суўға жуўынбаған-
ша мухаддес сыйлардан жемесин.
[7] Күн батқаннан соң, ол таза сана-
лады ҳәм мухаддес сыйлардан же-
ўине болады. Өйткени бул оның
аўқаты болып есапланады. [8] Ҳа-
рам өлген ямаса жабайы ҳайўан-
лар тәрепинен баўызланған өликти
жеп, руўханий өзин ҳарамламасын.
Жаратқан Ийе – Мен боламан.
[9] Руўханийлер Мениң буйрық-
ларыма әмел қылсын. Болмаса
гүналарының жазасын тартады,
буйрықларымды писент етпегени
ушын өледи. Мен – оларды Өзиме
ажыратып алып, мухаддес қылату-
ғын Жаратқан Ийемен.
[10] Руўханийдиң шаңарақ ағза-
ларынан болмаған басқа ҳеш ким,
руўханийдиң үйинде ўақтынша жа-
сап атырған адам болсын, хызмет-
шиси болсын, мухаддес сыйлардан

жемесин. 11 Бирақ руўханийдиң
пулға сатып алған ямаса үйинде
туўылған қул ҳәм шорылары оның
аўқатынан жеўине болады. 12 Руў-
ханийдиң қызы руўханий болма-
ған адамға турмысқа шықса, ол
бағышлап усынылған мухаддес
сыйлардан жемесин. 13 Бирақ ол
баласы болмай, жесир қалған бол-
са ямаса күйеўинен айырылысқан
болса ҳәм әкесиниң үйине қайтып
келгеннен соң, қыз ўақтындағыдай
үйинде жасаса, онда әкесиниң аў-
қатынан жеўине болады. Ал руў-
ханийдиң шаңарағынан болмаған
ҳеш бир адам оннан жемесин.
14 Егер ким де ким билместен
мухаддес сыйдан жеп қойса, ол
сол сыйдың орнын толтырып, үс-
тине бестен бир бөлегин қосып,
руўханийге қайтарып берсин. 15-
16 Руўханийлер Израил халқы-
ның Жаратқан Ийеге алып келген
мухаддес сыйларын басқа изра-
иллылардың жеўине жол қойып,
өзлерине тийисли мухаддес сый-
ларды ҳарамламасын. Болмаса из-
раиллылар гүнаға батып, жазаға
тартылады. Себеби Мен – қур-
банлықларды Өзиме ажыратып,
мухаддес қылатуғын Жаратқан
Ийемен».

## Қабыл етилетуғын қурбанлықлар

17 Жаратқан Ийе Муўсаға бы-
лай деди:
18 – Харонға, оның улларына
ҳәм пүткил Израил халқына бы-
лай деп айт: «Израил халқынан
ямаса израиллылар арасында жа-
сап атырған келгиндилерден бири
Жаратқан Ийеге берген ўәдесин
орынлаў ушын ямаса өз ықтыяры
менен жандырылатуғын қурбан-
лық бермекши болса, 19 қурбан-
лығының қабыл етилиўи ушын,
минсиз бир еркек ири мал ямаса
майда мал алып келсин. 20 Кемши-
лиги бар ҳеш бир ҳайўанды қур-
банлыққа усынбаңлар. Өйткени
булар қабыл етилмейди.
21 Ким де ким берген ўәдесин
орынлаў ушын ямаса өз ықтыяры
менен Жаратқан Ийеге татыўлық
қурбанлығын бериў ушын ири мал
ямаса майда мал алып келсе, оның
қабыл етилиўи ушын әкелген малы
минсиз болыўы тийис. Оның ҳеш
қандай кемшилиги болмасын. 22 Со-
қыр, майып, жарақатланған, ириң-
ли жарасы бар, қышыма жарасы бар
ямаса қотыры бар малды Жаратқан
Ийеге усынбаңлар ҳәм Оған сый
қылып, қурбанлық орынның үсти-
не қоймаңлар. 23 Ал мүшелериниң
бири узын ямаса келте болған ири
мал ямаса майда малды ықтыярлы
түрде беретуғын қурбанлық ушын
усыныўыңызға болады. Бирақ бун-
дай малды ўәде етилген қурбанлық
етип усынбаң, ол қабыл етилмей-
ди. 24 Туқым бези езилген, жулы-
нып қалған ямаса кесип тасланған
малды Жаратқан Ийеге усынбаң-
лар, елиңизде буған ҳеш қашан жол
қоймаңлар. 25 Усындай кемшилиги
бар малды жат жерли адамнан алып,
Қудайға аўқат сыпатында қурбан-
лық етип бермең. Себеби бул мал
зыянланған ҳәм кемшилиги бар.
Ол қабыл етилмейди».
26 Жаратқан Ийе Муўсаға бы-
лай деди:
27 – Бузаў, қозы ямаса ылақ жа-
ңа туўылған ўақтында жети күн

анасының қасында болсын. Се-
гизинши күннен баслап, оны
Жаратқан Ийеге арнап қурбан-
лық етип берсеңиз болады. 28 Ири
ямаса майда малды туўған баласы
менен бирге бир күнде шалмаңлар.
29 Жаратқан Ийеге миннетдар-
шылық қурбанлығын берген ўа-
қытта, оны қабыл етилетуғын
түрде усының. 30 Оның гөшин
сол күни жеп таслаң, азанға де-
йин аўыстырмаң. Мен – Жаратқан
Ийемен.
31 Буйрықларыма бойсы-
нып, оларды орынлаңлар. Мен –
Жаратқан Ийемен. 32 Мениң
мухаддес атыма тил тийгизбеңлер.
Израил халқы Мени мухаддес деп
тән алсын. Сизлерди Өзиме ажы-
ратып алып, мухаддес қылатуғын
Жаратқан Ийемен. 33 Қудайыңыз
болыў ушын сизлерди Мысырдан
алып шықтым. Мен – Жаратқан
Ийемен.

## Байрамлар

**23** 1 Жаратқан Ийе Муўсаға
былай деди:
2 – Израил халқына былай деп
айт: «Мухаддес жыйналыс деп жә-
рия қылынатуғын байрамларым,
Жаратқан Ийеге арналған байрам-
лар мыналар болады:

## Шаббат, яғный дем алыс күни

3 Алты күн жумыс ислең. Би-
рақ жетинши күн сизлер ушын
толық дем алатуғын Шаббат кү-
ни ҳәм мухаддес жыйналыс күни
болады. Ҳеш қандай жумыс исле-
мең. Қайсы жерде жасасаңыз да,
Шаббат күнин Жаратқан Ийеге
бағышлаң.

## Қутқарылыў ҳәм ашытқысыз нан байрамы

4 Белгиленген ўақытта мухад-
дес жыйналыс деп жәрия қыла-
туғын Жаратқан Ийеге арналған
байрамлар мыналар: 5 Биринши
айдың он төртинши күни кеште
Жаратқан Ийеге арналған Қут-
қарылыў байрамы. 6 Он бесинши
күни Жаратқан Ийеге арналған
Ашытқысыз нан байрамы болсын.
Солай етип, жети күн ашытқысыз
нан жең. 7 Байрамның биринши
күни мухаддес жыйналысыңыз
болсын. Сол күни күнделикли жу-
мысыңызды ислемең. 8 Жети күн
даўамында Жаратқан Ийе ушын
қурбанлық бериң. Жетинши күни
мухаддес жыйналыс болсын. Күн-
деликли жумысыңызды ислемең».

## Биринши зүрәәт

9 Жаратқан Ийе Муўсаға былай
деди:
10 – Израил халқына былай деп
айт: «Сизлерге беретуғын елге
кирип, арпа зүрәәтин жыйнаға-
ныңызда, жыйнаған зүрәәтиңиз-
диң биринши баўын руўханийге
әкелип бериң. 11 Қабыл етилиўи
ушын, Шаббат күнинен кейинги
күни руўханий баўды Жаратқан
Ийениң алдында жоқары көтерип
усынсын. 12 Баў жоқары көтерип
усынылған күни Жаратқан Ийеге
бир жасар минсиз еркек тоқлыны
жандырылатуғын қурбанлық етип
усының. 13 Тоқлы менен бирге ғәл-
ле садақасы қылып, зәйтүн майы
араластырылған бир эфа сапалы
унның оннан екисин берсин. Бул –
Жаратқан Ийеге хош ийисли сый

болады. Жандырылатуғын қур-
банлық пенен бирге ишимлик са-
дақасы етип, бир ҳин шараптың
төрттен бирин усының. [14] Қудайы-
ңызға усы садақаны алып келету-
ғын күнге дейин нан, қуўырмаш
ҳәм жаңа писken дән жемеңлер. Қай
жерде жасасаңыз да, бул әўладлар
даўамында сизлерге мәңги қағый-
да болсын».

### Ҳәптелер байрамы

[15] «Шаббат күнинен кейинги
баўды жоқары көтерип усынған
күннен баслап, жети ҳәпте са-
наң. [16] Жетинши Шаббаттан ке-
йин, елиўинши күн басланғанда,
Жаратқан Ийеге таза бийдай зү-
рәәтинен садақа әкелиң. [17] Жасап
атырған жериңизден Жаратқан
Ийеге жоқары көтерип усынıла-
туғын садақа етип, еки нан алып
келиң. Нанлар биринши зүрәә-
тиңизден болып, оннан еки эфа
сапалы уннан ашытқы салынып
жаўылсын ҳәм буны Жаратқан
Ийеге усының. [18] Нан менен бир-
ге жандырылатуғын қурбанлық
ушын, Жаратқан Ийеге бир жа-
сардан болған минсиз жети еркек
тоқлы, бир буға ҳәм еки қошқарды
алып келиң. Ғәлле ҳәм ишимлик
садақасы менен усынылатуғын бул
қурбанлық Жаратқан Ийеге хош
ийисли сый болады. [19] Гүна қур-
банлығына бир теке, татыўлық
қурбанлығына бир жасардан еки
тоқлы алып келиң. [20] Руўханий еки
тоқлыны биринши бийдай зүрәә-
тинен жабылған нан менен бирге,
Жаратқан Ийениң алдында жоқа-
ры көтерип усынсын. Жаратқан
Ийеге бағышланып, мухаддес
болған бул қурбанлықлар руўха-
нийлерге тийисли. [21] Сол күнди
мухаддес жыйналыс деп жәрия-
лаңлар ҳәм күнделикли жумысла-
рыңызды ислемеңлер. Бул жасап
атырған ҳәр бир жериңизде әўлад-
ларыңыз даўамында мәңги қағый-
да болсын.

[22] Жериңиздеги егинлерди жый-
наганыңызда, атызыңыздың шети-
не дейин орып алмаң. Түсип қалған
масақларды жыйнап алмаң. Олар-
ды жарлыларға ҳәм келгинди адам-
ларға қалдырың. Мен – Қудайыңыз
Жаратқан Ийемен».

### Кәрнай байрамы

[23] Жаратқан Ийе Муўсаға бы-
лай деди:

[24] – Израил халқына былай деп
айт: «Жетинши айдың биринши
күни дем алыс күни болсын. Сол
күни кәрнай шертилип, еслеў күни
белгиленсин ҳәм мухаддес жыйна-
лыс өткерилсин. [25] Сол күни күн-
деликли жумысыңызды ислемең,
Жаратқан Ийеге қурбанлықлар
усының».

### Гүнадан пәклениў күни

[26] Жаратқан Ийе Муўсаға бы-
лай деди:

[27] «Жетинши айдың онзыншы кү-
ни Гүнадан пәклениў күни. Сол
күни мухаддес жыйналыс болсын
ҳәм ораза тутып, Жаратқан Ийе-
ге сый усының. [28] Сол күни ҳеш
қандай жумыс ислемең. Өйтке-
ни Қудайыңыз Жаратқан Ийениң
алдында гүналарыңыздан пәкле-
нетуғын күниңиз болады. [29] Сол
күни ораза тутпаған ҳәр бир адам
өз халқы арасынан жоқ қылынады.

[30] Сол күни қандай да бир жумыс
ислеген адамды өз халқы арасы-
нан жоқ етемен. [31] Ҳеш қандай жу-
мыс ислемең. Бул жасап атырған
ҳәр бир жериңизде әўладлар бойы
мәңги қағыйда болсын. [32] Сол күни
сизлер ушын толық дем алатуғын
Шаббат күни болып, ораза тутың.
Айдың тоғызыншы күниниң кеши-
нен баслап, ертеңги кешке дейин
Шаббат күнин белгилең».

### Қос байрамы

[33] Жаратқан Ийе Мууўсаға бы-
лай деди:
[34] – Израил халқына былай деп
айт: «Жетинши айдың он бесин-
ши күнинен баслап, жети күн да-
ўамында Жаратқан Ийеге арнап,
Қос байрамын белгилең. [35] Бай-
рамның биринши күни мухаддес
жыйналыс өткериң. Сол күни күн-
деликли жумысыңызды ислемең.
[36] Жети күн даўамында күнине бир
мәрте Жаратқан Ийеге сый усы-
ның. Сегизинши күни де мухаддес
жыйналыс өткериң ҳәм Жаратқан
Ийеге сый усының. Бул салтанат-
лы жыйналыс болады. Күнделик-
ли жумысыңызды ислемең.
[37] Мухаддес жыйналыс деп жә-
рия қылынатуғын Жаратқан Ийе-
ге арналған байрамлар усылар
болады. Байрамларда Жаратқан
Ийеге арналған сыйларды, жан-
дырылатуғын қурбанлықларды,
ғәлле садақаларын, басқа қурбан-
лықларды ҳәм ишимлик садақала-
рын белгиленген өз күнлеринде
алып келиң. [38] Булар Жаратқан
Ийениң Шаббатынан, Жаратқан
Ийеге арнап алып келетуғын сый-
ларыңыздан, ўәде ҳәм ықтыярлы
қурбанлықларыңыздан тысқары
болсын.
[39] Жерлериңиздиң зүрәәтлерин
жыйнап болған ўақтыңызда, же-
тинши айдың он бесинши күни-
нен баслап, жети күн даўамында
Жаратқан Ийеге арнап Қос бай-
рамын өткизиң. Байрамның би-
ринши ҳәм сегизинши күни дем
алыс күни болсын. [40] Биринши кү-
ни мийўе ағашларыңыздың ең жақ-
сы мийўелерин, пальма ағашының
жапырақларын, мол жапырақлы
теректиң талларын, дәрья бойын-
да өсетуғын таллардың шақаларын
жыйнап, Қудайыңыз Жаратқан
Ийениң алдында жети күн даўа-
мында шадланың. [41] Буны ҳәр жы-
лы жети күн даўамында Жаратқан
Ийениң байрамы етип белгилең.
Жылдың жетинши айында бел-
гиленетуғын усы байрам әўладла-
рыңыз даўамында мәңги қағыйда
болып қалсын. [42] Жети күн да-
ўамында қоста жасаң. Ҳәр бир
жергиликли израиллы қосларда
жасасын. [43] Сонда келешек әўладла-
рыңыз Израил халқын Мысырдан
алып шыққан ўақтымда, олардың
қосларда жасағанын билип ала-
ды. Мен – Қудайыңыз Жаратқан
Ийемен».
[44] Усылай етип, Мууўса Израил
халқына Жаратқан Ийеге арнал-
ған байрамларды жәриялады.

### Жаратқан Ийениң алдында жанып туратуғын шыралар

# 24

[1] Жаратқан Ийе Мууўсаға
былай деди:
[2] – Израил халқына буйрық бер,
олар шыралардың ҳәр күни түн-
де жанып турыўы ушын, сапалы

зәйтүн майынан алып келсин. 3 Ха-
рон Ушырасыў шатырында, Ке-
лисим сандығының алдындағы
пердениң сыртында шыралар-
дың кештен таңға дейин Мениң
алдымда сөнбей жанып турыўын
тәмийинлесин. Бул әўладларыңыз
даўамында мәңги қағыйда болсын.
4 Харон сап алтыннан исленген
шыра қойғыштың үстине шыралар-
ды орнатсын. Шыралар Жаратқан
Ийениң алдында ҳәмме ўақытта
үзликсиз жанып турсын.

## Жаратқан Ийеге усынылған нанлар

5 – Сапалы уннан он еки шөрек
нан жап. Ҳәр бир нан оннан еки
эфа муғдарындағы уннан жабыл-
сын. 6 Оларды Жаратқан Ийениң
алдындағы сап алтыннан исленген
столға алтаў-алтаўдан еки жерге
үсти-үстине қой. 7 Булардың қасы-
на таза хош ийисли шайырдан қо-
йып шық. Бул хош ийисли шайыр
нанның орнына толық садақаның
белгиси етип, Жаратқан Ийеге усы-
нылады. 8 Ҳәр Шаббат күни бул
нанлар Жаратқан Ийениң алдына
қойылсын. Бул Израил халқының
мәңги ўазыйпасы болсын. 9 Нанлар
Харонға ҳәм оның улларына тийис-
ли, олар нанларды мухаддес жерде
жесин. Өйткени бул Жаратқан Ийе-
ге берилетуғын сыйлардың жүдә
мухаддес бөлеги болып, олардың
мәңги пайы болады.

## Қудайға тил тийгизгенниң ақыбети

10 Бир күни анасы израиллы, әке-
си мысырлы болған бир адам ор-
дада израиллы бир адам менен
жәнжеллесип қалды. 11 Израил-
лы ҳаялдың улы Жаратқан Ийеге
тил тийгизип, нәлет айтты. Сонда
оны Мууўсаның алдына алып кел-
ди. Сол жигиттиң анасы Дан уры-
ўынан болған Дибрийдиң қызы
Шеломит еди. 12 Сол адамды қа-
маққа алып, Жаратқан Ийениң
ҳүкимин күтти.

13 Жаратқан Ийе Муўсаға бы-
лай деди:

14 – Оны орданың сыртына алып
шығың. Ол айтқан нәлетти есит-
кен ҳәр бир адам қолларын сол
адамның басына қойсын ҳәм пүт-
кил жәмийет оны тас боран қыл-
сын. 15 Израил халқына былай деп
айт: «Ким де ким Қудайын нәлет-
лесе, гүнасының жазасын тарта-
ды, 16 яғный Жаратқан Ийеге тил
тийгизген адам сөзсиз өлтириле-
ди. Пүткил жәмийет оны тас бо-
ран қылсын. Жаратқан Ийеге тил
тийгизген адамның келгинди яма-
са жергиликли адам болыўына қа-
рамастан, ол өлтирилсин.

17 Адам өлтирген ҳәр бир адам
сөзсиз өлтирилсин. 18 Басқа биреў-
диң малын өлтирген адам орнына
бир мал берип, алған жанының
орнын жан менен өтесин. 19 Ким
де ким жанындағы адамды жара-
қатласа, оған да сондай жарақат
жеткизилиўи керек. 20 Сынықҡа
сынық, көзге көз, тиске тис. Яғный
басқаны қалай жарақатлаған болса,
өзи де солай жарақатлансын. 21 Мал
өлтирген адам малдың қунын тө-
лесин, адам өлтирген болса, өлти-
рилсин. 22 Келгинди адам ушын да,
жергиликли адам ушын да бир-
дей нызам қолланылады. Мен –
Қудайыңыз Жаратқан Ийемен».

[23] Муўса буларды Израил хал-
қына айтып болғаннан соң, халық
Жаратқан Ийеге тил тийгизген
адамды орданың сыртына алып
шықты да, оны тас боран қылып
өлтирди. Солай етип, Израил хал-
қы Жаратқан Ийениң Муўсаға бер-
ген буйрығын орынлады.

### Шаббат жылы

**25** [1] Жаратқан Ийе Синай та-
ўында Муўсаға былай деди:
[2] – Израил халқына былай деп
айт: «Мен сизлерге берип атырған
елге киргениңизде, Жаратқан Ийе-
ниң ҳүрметине ҳәр жетинши жылы
жерге егин екпей, дем алыс бериң.
[3] Алты жыл атызларыңызға егин
егиңлер, жүзимлердиң шақаларын
путап, өнимлерин жыйнаңлар. [4] Би-
рақ жетинши жылы жер ушын дем
алыс жылы, яғный Жаратқан Ийе-
ге арналған Шаббат жылы болсын.
Атызларға егин екпеңлер, жүзим-
зарларыңызды путамаңлар. [5] Өзли-
гинен өсип шыққан ҳасылды орып,
шақалары путаланбаған жүзимлер-
ди сақлап қойыў ушын, жыйнап
алмаңлар. Жер толығы менен бир
жыл дем алсын. [6] Дем алыс жылын-
да өзлигинен өсип шыққан ҳәр қан-
дай жердиң өниминиң өзи сизлер
ушын, қул ҳәм шорыларыңыз, жал-
ланба хызметшилер ҳәм араңызда
жасап атырған келгиндилер ушын
аўқат болады. [7] Жерде өсип шыққан
ҳасыллар малларыңызға да, жаба-
йы ҳайўанларға да азық болады».

### Қутлы жыл

[8] «Жети жылда бир мәрте белги-
ленетуғын Шаббат жылының же-
ти мәрте өтиўин бақлаң. Шаббат
жылы жети мәрте өткенде, барлығы
болып қырық тоғыз жыл болады.
[9] Кейинги жылдың жетинши айы-
ның онынщы күни, яғный Гүнадан
пәклениў күни пүткил ел бойлап
қатты даўыслап кәрнай шертил-
син. [10] Усы елиўинши жылды му-
қаддес деп санаңлар ҳәм пүткил ел
халқы ушын азатлық жәрияланлар.
Усы жыл сизлер ушын Қутлы жыл
болады. Ҳәр бир адам өзиниң жер
мүлкин қайтарып алсын ҳәм қул
болған ҳәр бир адам азат болып, өз
тийресине қайтсын. [11] Елиўинши
жыл сизлер ушын Қутлы жыл бол-
сын. Усы жылы егин екпеңлер, өзи
өсип шыққан егинлерди орып алып,
сақламаңлар, шақасы путаланбаған
жүзимлерди жыйнамаңлар. [12] Өйт-
кени усы жыл Қутлы жыл ҳәм бул
сизлер ушын муқаддес болсын. Тек
атыздан туўрыдан-туўры алынған
зүрәәтти жеңлер.
[13] Қутлы жылы ҳәр бир адам өзи-
ниң жер мүлкин қайтарып алсын.
[14] Егер бир адамға жер сататуғын
болсаң ямаса оннан жер сатып ала-
туғын болсаң, бир-бириңизге на-
ҳақлық қылмаң. [15] Жердиң баҳасы
кейинги Қутлы жылға шекемги жер-
диң жетистиретуғын зүрәәти бо-
йынша баҳалансын. [16] Егер алдында
еле көп жыл болса, баҳасы артсын,
ал азғантай жыл қалған болса, он-
да баҳасы түсирилсин. Себеби саған
атызды емес, ал оның зүрәәтиниң
муғдарын сатады. [17] Бир-бириңизге
наҳақлық қылмаңлар, Қудайыңыз-
дан қорқыңлар. Мен – Қудайыңыз
Жаратқан Ийемен.
[18] Қағыйдаларыма әмел қылып,
нызамларыма бойсынсаңыз, сон-
да елиңизде тынышлық ишинде

жасайсызлар. 19 Жер өз зүрәәтин
берип, сизлер тоясызлар ҳәм ол
жерде тынышлық ишинде жасай-
сызлар. 20 Сизлер: „Жетинши жылы
жеримизге егин екпесек, зүрәәти-
мизди жыйнамасақ, онда не ишип-
жеймиз?“ – деп сораўыңыз мүмкин.
21 Мен алтыншы жылы сизлерге
сондай берекет жиберемен, жер
сизлер ушын үш жыллық зүрәәт
беретуғын болады. 22 Сегизинши
жылы жерлериңизге егин еккени-
ңизде де, тоғызыншы жылы зүрәә-
тиңизди жыйнайман дегенше, сол
алтыншы жылы жыйнаған зүрәә-
тиңизден жейсизлер.

23 Жериңиз пүткиллей меншик-
ке сатылмасын. Өйткени олар Ма-
ған тийисли. Ал сизлер бул жерге
келгинди ҳәм жат жерлисизлер.
24 Жерин сатқан адамға өзиниң же-
рин қайтарып сатып алыўына жол
қойыңлар. 25 Егер туўысқанлары-
ңыздан бири гедейленип, жериниң
бир бөлегин сатып жиберген бол-
са, оның ең жақын әмеңгери ке-
лип, жерди қайтарып сатып алсын.
26 Жерин сатып алатуғын әмеңге-
ри болмаса, онда ол адам жағдайы
жақсыланып, жетерли пул жый-
наса, 27 жерди сатқаннан кейин-
ги жыллардың ҳәм Қутлы жылға
дейинги жыллардың зүрәәтиниң
баҳасын есаплап, жерди сатып ал-
ған адамға төлесин. Соннан кейин,
ол өз жерине өзи ийелик қылсын.
28 Ал оның жерин қайтарып сатып
алатуғын пулы болмаса, жер Қутлы
жылға дейин сатып алған адамға
тийисли болып турады. Сол жылы
жер сатып алған адамнан алынып,
сатқан адам өз жерине қайтадан
ийелик қылсын.

29 Егер ким де ким дийўал менен
қоршалған қала ишиндеги үйин
сатса, сатқан адам бир жылға де-
йин үйин қайтарып сатып алыў
ҳуқықына ийе болады. 30 Егер ол
үйин бир жыл ишинде қайтарып
сатып ала алмаса, онда үй сатып
алған адамның мүлкине айланып,
ол ҳәм оның нәсили үйдиң мәңги
ийеси болып қалады. Қутлы жыл-
да да үй жаңа ийесиниң қолынан
қайтарып алынбайды. 31 Ал дийўал
менен қоршалмаған аўыллардағы
үйлер атызлар сыяқлы есаплансын.
Бундай үйлерди алдынғы ийеси
қайтарып сатып алыў ҳуқықына
ийе болады, Қутлы жылда үйди
сатып алған адам оны қайтарып
бериўи тийис.

32 Ал лебийлилер өзлерине ти-
йисли қалаларда сатқан үйлерин
ҳәмме ўақытта қайтарып сатып
алыў ҳуқықына ийе болсын. 33 Ле-
бийлилер қайтарып сатып алату-
ғын усындай мүликлер, яғный
лебийлилерге тийисли болған қа-
лалардағы сатылған ҳәр бир үйлер
Қутлы жылда өз ийесине қайта-
рып берилсин. Себеби қалаларда-
ғы лебийлилердиң үйлери Израил
халқының арасындағы олардың
мүлки болып есапланады. 34 Олар-
дың қалаларының әтирапындағы
жайлаўлар болса, улыўма сатыл-
масын. Өйткени булар олардың
мәңгилик мүлки».

### Жарлыларға жәрдем бериў

35 «Егер бир туўысқаныңыз жар-
лыланып, мүтәж аўҳалға түсип
қалса, оған жәрдем бериң. Ол сиз-
лердиң араңызда келгинди ямаса
жат жерли сыяқлы жасасын. 36 Ол

адамнан пул ҳәм аўқат ушын үстеме
өндирип алмаң. Қудайдан қорқың,
туўысқаныңыздың араңызда жа-
саўына жол қойың. 37 Оған үстеме
берип, пул өндирмең ҳәм аўқатты
өзиңизге кирис қылыў ушын бер-
меңлер. 38 Мен Қанан елин сизлерге
бериў ушын ҳәм Қудайыңыз болыў
ушын, сизлерди Мысырдан шыға-
рып алған Қудайыңыз Жаратқан
Ийемен.

39 Егер араңызда жасап атырған
израиллы бир туўысқаныңыз жар-
лыланып қалса ҳәм ол қул сыпа-
тында саған сатылса, оны қулдай
етип жумсамаң. 40 Оған үйиңизде-
ги жалланба жумысшы ямаса кел-
гинди сыяқлы қатнаста болың. Ол
саған Қутлы жылға дейин хызмет
қылсын. 41 Қутлы жылда балала-
ры менен бирге азат болсын. Олар
өз тийресине, ата-бабаларының
жер мүлкине қайтсын. 42 Себеби
израиллылар Мениң Мысырдан
шығарып алған қулларым бола-
ды. Сонлықтан олар қул сыяқлы
сатылмасын. 43 Оған хожайын-
лық қылып, қатал қатнаста бол-
маң. Қудайыңыздан қорқың.

44 Қулларыңыз ҳәм шорылары-
ңыз әтирапыңыздағы халықлардан
болсын. Қул ҳәм шорыны олардың
арасынан сатып алыўыңызға бо-
лады. 45 Және де, араңызда жасап
атырған келгиндилердиң балала-
рын сатып алып, оларға хожайын
бола аласызлар. 46 Оларды мийрас
қылып, балаларыңызға қалдырып
кете аласызлар. Олар өмир бойы
сизлерге қул болады. Бирақ изра-
иллы туўысқанларыңыздың би-
рине хожайынлық қылып, қатал
қатнаста болмаң.

47 Араңызда жасап атырған кел-
гинди ямаса жат жерли бир адам
байып кетип, гедейленген бир из-
раиллы туўысқаныңыз оған яма-
са оның урпақларынан бирине қул
сыпатында сатылса, 48 израиллы
адам қуны төленип, азат болыў ҳу-
қықына ийе болады. Оның ағайин-
туўғанларының бири оның қунын
төлеп, азат қылсын. 49 Сондай-ақ
әкесиниң ағасы, аталас туўысқа-
ны ямаса жақын ағайинлериниң
бири оны қайтарып сатып алып,
оны азат қылыўы мүмкин. Ямаса
өзи жетерли пул топласа, өзиниң
азатлығын қайтарып алыўына бо-
лады. 50 Ол хожайыны менен есап-
ласыўы керек. Өзин сатқан жылдан
Қутлы жылға дейинги жылларды
есапласын. Азатлығының қуны
қалған жыллардың саны бойын-
ша бир жумысшының күнлик ис
ҳақысының есабы бойынша тө-
ленсин. 51 Егер де Қутлы жылға
көп жыллар қалса, онда азатлық
қунын өзи сатылған баҳаға тий-
карланып төлесин. 52 Егер Қутлы
жылға азғантай жыл қалса, онда
усы бойынша есапласып, өзиниң
азатлық қунын төлесин. 53 Ол хо-
жайынының қасында бир жыл-
ға жалланған жумысшы сыяқлы
болып жасаўы керек. Хожайыны-
ның оған қатал қатнаста болыўы-
на жол қойма.

54 Егер сатылған туўысқаныңыз
усы жоллар менен азат бола ал-
маса, Қутлы жылда балалары ме-
нен бирге азат етилсин. 55 Өйткени
израиллылар Мениң қулларым,
Мысырдан Өзим шығарып алған
қулларым болады. Мен – Қудайы-
ңыз Жаратқан Ийемен».

### Қудайға бойсынғанлардың жарылқаныўы

**26** [1] «Өзлериңизге жалған
қудайлардың мүсинле-
рин ислемеңлер, кийели тасларды
ямаса ойып исленген тасларды ор-
натпаңлар. Себеби Мен – Қудайы-
ңыз Жаратқан Ийемен. [2] Мениң
Шаббатыма әмел қылың, Мухад-
дес мәканыма ҳүрмет көрсетиң.
Мен – Жаратқан Ийемен.

[3] Егер қағыйдаларым бойынша
жасап, буйрықларымды дыққат
пенен орынлап жүрсеңиз, [4] жа-
ўынды өз ўақтында жаўдыраман.
Жер өз зүрәәтин, миййўе ағашлар
өз мийўелерин береди. [5] Зүрәәти-
ңиз соншелли мол болғанлықтан,
жүзим жыйнайтуғын ўақытқа де-
йин қырман айдайсызлар, егис ўақ-
тына дейин жүзим жыйнайсызлар.
Азық-аўқатыңыз көп болады ҳәм
елиңизде қәўипсиз жасайсызлар.

[6] Елиңизде тынышлық сақлай-
ман, тыныш жатып-турасызлар,
ҳеш ким сизлерди қорқыта ал-
майды. Жыртқыш ҳайўанларды
жериңизден қуўып шығараман.
Жериңиз саўаш себепли ўайран
болмайды. [7] Душпанларыңызды
қуўасызлар, олар сизлердиң қы-
лышларыңыздың соққысынан
алдыңызда жерге қулайды. [8] Бе-
сеўиңиз жүз адамды, жүзиңиз он
мың адамды қуўатуғын боласыз-
лар. Душпанларыңызды қылыш-
тан өткерип, жеңиске ерисесизлер.
[9] Сизлерге Өз нәзеримди сала-
ман, сизлерди өсип-өндирип, кө-
бейтемен. Сизлер менен дүзген
келисимиме садық қаламан. [10] Бу-
рынғы зүрәәтиңизди жеп таўыса
алмайсызлар. Жаңадан алған зү-
рәәтиңизге орын босатыў ушын
бурынғы зүрәәтиңизди шығарып
таслайтуғын боласызлар. [11] Мә-
кан жайымды сизлердиң араңыз-
ға қураман, сизлерден жеркенип,
жүз бурмайман. [12] Сизлердиң ара-
ңызда жасайтуғын Қудайыңыз бо-
ламан. Сизлер де Мениң халқым
боласызлар. [13] Мен сизлерди Мы-
сыр елиндеги қуллықтан қутқарған
Қудайыңыз Жаратқан Ийемен. Мо-
йынтырығыңызды сындырып тас-
ладым ҳәм басларыңызды көтерип
жүриўге мүмкиншилик бердим».

### Қудайға бойсынбаўшылықтың жазасы

[14] «Бирақ Маған қулақ аспай,
пүткил буйрықларымды орын-
ламасаңыз, жазаланасызлар.
[15] Қағыйдаларымнан жүз бурып,
нызамларымнан жеркенип, буй-
рықларыма бойсынбасаңыз ҳәм
келисимимди бузсаңыз, [16] онда
сизлерге мынадай жаза жибере-
мен: үстиңизге қорқыныш дөнди-
ремен. Өкпе кеселлиги ҳәм ысытпа
көзлериңиздиң нурын сөндирип,
жаныңызды кемиреди. Тұқымды
босқа егетуғын боласызлар, се-
беби зүрәәтиңизди душпанлары-
ңыз жейтуғын болады. [17] Сизлерге
Өзим қарсы шығаман. Душпан-
ларыңыз сизлердиң үстиңизден
жеңиске ериседи. Сизлерди жек кө-
ретуғынлар сизлерге ҳүкимдарлық
қылады ҳәм изиңизден ҳеш ким
қуўмаса да, қашатуғын боласызлар.

[18] Егер буларға да қарамай, Маған
қулақ салмасаңыз, гүналарыңыз-
дың жазасын жети есе арттыра-
ман. [19] Қайсар менменлигиңизди

жоқ қыламан. Аспаныңызды те-
мир сыяқлы, жериңизди қола сы-
яқлы қыламан. 20 Күшиңизди босқа
сарплайсызлар, жериңиз өз зүрәә-
тин, мийүе ағашларыңыз мийүесин
бермейтуғын болады.

21 Егер буннан кейин де қарсы
шығыўды даўам етсеңиз, Маған
қулақ салыўды қәлемесеңиз, гү-
наларыңыздың жазасын жети есе-
ге арттыраман. 22 Сизлерге қарсы
жабайы ҳайўанларды жиберемен.
Олар сизлерди балаларыңыздан
айырып, малларыңызды қырып
таслайды. Сонда сизлердиң саны-
ңыз азайып, жолларыңыз босап
қалады.

23 Буның менен де туўры жол-
ға түспей, Маған қарсы шығыўды
даўам етсеңиз, 24 Мен де сизлер-
ге қарсы шығып, гүналарыңыз
ушын сизлерди жети есе жазалай-
ман. 25 Келисимимди бузғаныңыз
ушын басыңызға саўаш дөндирип,
жазалайман. Қалаларыңызға шеги-
нип, тығылсаңыз, араңызға иллет
жиберемен ҳәм сизлерди душпа-
ныңызға тәслим қыламан. 26 Бир
тислем нанға зар қыламан. Сонда
он ҳаял нанларын бир тандырда
жабатуғын болады. Наныңыз аз-
аздан, өлшеп берилетуғын болады.
Сизлер буны жегениңиз бенен де,
буған тоймайсызлар.

27 Булардан кейин де Маған және
қулақ салмай, Маған қарсы шық-
саңыз, 28 онда Мен де ғәзеп пенен
сизлерге қарсы шығаман ҳәм гү-
наларыңыздың жазасын жети есе-
ге көбейтемен. 29 Ашлық себепли
ул-қызларыңыздың денесин жей-
туғын боласызлар. 30 Табынатуғын
орынларыңызды қулатып, түтетки
түтетилетуғын орынларыңызды
жоқ қыламан. Өликлериңизди
жансыз бутларыңызға қосып үйе-
мен, сизлерден жеркенетуғын бо-
ламан. 31 Қалаларыңызды ўайран
қылып, мухаддес орынларыңызды
бузып таслайман. Маған усынған
хош ийисли садақаларыңызды қа-
был етпеймен. 32 Елиңизди ўайран
қыламан, ол жерге жайласатуғын
душпанларыңыз бул аўҳалға қатты
таң қалысатуғын болады. 33 Сиз-
лерди болса, басқа халықлардың
арасына тарқатып жиберип, қы-
лышым менен сизлердиң изиңизге
түсип аламан. Елиңиз босап қа-
лады, қалаларыңыз ўайран бола-
ды. 34 Сизлер душпанларыңыздың
елинде жасап атырғаныңызда, же-
риңиз босап қалады. Сол ўақытла-
ры Шаббат жылларының орнын
толтырып, дем алады. 35 Жериңиз
ўайран болып, босап қалған ўақыт-
та дем алады. Себеби сизлер ели-
ңизде жасап атырған ўақтыңызда,
Шаббат жыллары жериңизге дем
бермеген едиңиз.

36 Душпанларыңыздың жерле-
ринде аман қалғанларыңыздың
жүрегине сондай бир қорқыныш
саламан, ҳәттеки, жапырақтың
сытырлысынан да қылыштан
қашқандай болып қашасызлар.
Сизлердиң изиңизден ҳеш ким
түспесе де, қашып, жығыласыз-
лар. 37 Сизлерди ҳеш ким қуўмаса
да, қылыштан қашқандай болып,
бир-бириңизге сүрнигип жығыла-
сызлар. Душпанларыңызға қарсы
тура алмайсызлар. 38 Солай етип,
басқа халықлардың арасында жоқ
боласызлар. Душпанларыңыздың
жерлери сизлерди жутып жибереди.

[39] Аман қалғанларыңыз болса,
душпан жерлеринде өзлериңиз-
диң ҳәм ата-бабаларыңыздың гү-
налары себепли димарыңыз қурып,
азап шегесизлер.
[40] Бирақ сизлер өзлериңиздиң
ҳәм ата-бабаларыңыздың гүна-
ларын, Маған қыянет еткенлери-
ңизди ҳәм Маған қарсы ислеген
ислериңизди тән аласызлар. [41] Се-
беби гүналарыңыз себепли
сизлерге қарсы шығып, душпан-
ларыңыздың жерине алып бараман.
Енди тас жүреклериңизди жум-
сартып, айыпларыңыздың жаза-
сын өтейсизлер. [42] Сонда Мен де
Яқып, Ысақ ҳәм Ибрайым менен
дүзген келисимимди ҳәм сизлерге
ўәде қылып берген жерди еслеймен.
[43] Ел ўайран болып, босап қалған
ўақытлары Шаббат жылларының
орнын толтырып, дем алады. Сиз-
лер ислеген гүналарыңыздың жа-
за мүддетин өтейсизлер, өйткени
сизлер нызамларымнан бас тартып,
қағыйдаларымнан жеркендиңиз.
[44] Буларға қарамай, Мен душпан
жерлеринде болған сизлерден бас
тартпайман, сизлерден жеркенип,
толығы менен қырып тасламайман.
Сизлер менен дүзген келисимим-
ди бузбайман. Себеби Мен сизлер-
диң Қудайыңыз Жаратқан Ийемен.
[45] Қудайыңыз болыў ушын, басқа
халықлардың көз алдында Мысыр-
дан алып шыққан ата-бабаларыңыз
бенен дүзген келисимимди сизлер
ушын еслеймен. Мен – Жаратқан
Ийемен».
[46] Жаратқан Ийениң Синай та-
ўында Муўса арқалы Израил
халқына берген қағыйдалары, ны-
замлары ҳәм көрсетпелери усылар-
дан ибарат еди.

### Бағышланған адамның ҳәм мал-мүликтиң қуны, оларды қайтарып алыў тәртиби

**27** [1] Жаратқан Ийе Муўсаға
былай деди:
[2] – Израил халқына былай деп
айт: «Егер ким де ким бир адамды
Жаратқан Ийеге бағышлаўға ўәде
берсе, сол адамның қуны ушын бе-
рилетуғын төлеми төмендегидей
мөлшерде болсын. [3] Бул төлемниң
қуны мынадай болады: жигирма
жастан алпыс жасқа дейинги ер
адамлар ушын Мухаддес орын өл-
шеми менен елиў шекел[a] гүмис, [4] ал
ҳаяллар ушын отыз шекел гүмис.
[5] Бес жастан жигирма жасқа де-
йинги ер адамлар ушын жигирма
шекел, ал ҳаял-қызлар ушын он ше-
кел. [6] Бир айлық бөпеден бес жас-
қа дейин болған ер балалар ушын
бес, қызлар ушын үш шекел гүмис.
[7] Егер алпыс ямаса оннан жоқары
жаста болса, онда еркеклер ушын
он бес шекел гүмис, ал ҳаяллар
ушын он шекел гүмис төленсин.
[8] Егер ўәде берген адам жарлы бо-
лып, белгиленген баҳаны төлеў-
ге шамасы келмесе, бағышланған
адамды руўханийге алып барсын.
Руўханий ўәде берген адамның
жағдайына қарай, баҳа белгилесин.
[9] Егер Жаратқан Ийеге ўәде қы-
лынған мал қурбанлыққа шалыўға
болатуғын мал болса, ол Жаратқан
Ийеге бағышланған мухаддес бо-
лып есапланады. [10] Ўәде қылған

---

a **27:3** *Елиў шекел* – бир шекел шама менен 11 гр.

адам Жаратқан Ийеге бағышла-
ған малын жақсысының орнына
жаманын ямаса жаманының ор-
нына жақсысын алмастырмасын.
Егер ол малды алмастырса, ал-
мастырылған мал менен екеўи де
Қудайға тийисли болып, мухаддес
саналады. 11 Егер Жаратқан Ийеге
арнап әкелинген сый ҳарам санал-
ған маллардан болса, оны руўха-
нийге алып барсын. 12 Руўханий
малдың жақсы-жаманына қарап,
баҳа белгилесин ҳәм оның баҳасы
солай қалсын. 13 Егер ийеси малды
қайтарып сатып алыўды қәлесе,
руўханий тәрепинен белгиленген
баҳаның үстине бестен бир бөле-
гин қосып төлесин.

14 Егер бир адам өзиниң үйин сый
қылып, Жаратқан Ийеге бағышла-
са, руўханий үйдиң жақсы-жаманы-
на қарап, оның баҳасын белгилесин.
Руўханий үйге қандай баҳа белги-
лесе, үйдиң баҳасы сондай болады.
15 Егер сол адам бағышлаған үйин
қайтарып сатып алыўды қәлесе,
руўханийдиң белгилеген баҳасы-
ның үстине бестен бир бөлегин қо-
сып төлесин. Сонда үй қайтадан
өзиники болып қалады.

16 Егер бир адам бабасынан қал-
ған мийрас атызының бир бөлегин
Жаратқан Ийеге бағышлаўды қәле-
се, атызға егилетуғын туқымның
муғдары бойынша баҳасы белги-
ленсин. Бир хомер[a] арпа туқымы
егилетуғын атыздың баҳасы елиў
шекел гүмис болады. 17 Егер атыз
Қутлы жылда бағышланса, бунын
баҳасы белгиленген толық баҳа
бойынша қалсын. 18 Егер атыз Қут-
лы жылдан соң бағышланса, руўха-
ний кейинги Қутлы жылға дейин
қалған жыллардың саны бойын-
ша атыздың баҳасын белгилесин.
Атыздың баҳасы соған сәйкес тө-
мен болады. 19 Егер сол адам аты-
зын қайтарып алыўды қәлесе, ол
атызға белгиленген баҳаның үс-
тине бестен бир бөлегин қосып тө-
лесин. Сонда атыз және өзиники
болып қалады. 20 Бирақ сол адам
атызды өзине қайтарып сатып ал-
маса ҳәм атыз басқа биреўге са-
тылған болса, онда атыздың ийеси
атызды өзине қайтарып сатып ала
алмайды. 21 Атыз Қутлы жылға де-
йин турса, онда бул Жаратқан Ийе-
ге бағышланған болып, мухаддес
саналады ҳәм атыз руўханийлерге
тийисли болып қалады.

22 Егер бир адам сатып алған, яғ-
ный бабасынан мийрас болмаған
атызын Жаратқан Ийеге бағыш-
ласа, 23 руўханий Қутлы жылға
дейин қалған жыллар бойынша
оның баҳасын белгилесин. Ол адам
белгиленген баҳаны сол күни-ақ
төлесин ҳәм төлем Жаратқан Ийе-
ге тийисли болып, мухаддес са-
налады. 24 Кейинги Қутлы жылда
атыз биринши ийесине қайтарып
берилсин. 25 Ҳәр бир белгиленген
баҳа Мухаддес орынның шекели
бойынша белгиленсин. Бир шекел
жигирма герадан[b] ибарат.

26 Ири ҳәм майда малларыңыз-
дың биринши туўылған төллери
Жаратқан Ийеники болып, олар-
дың ҳеш қайсысын Жаратқан Ийеге

---

a **27:16** *Бир хомер* – шама менен 220 л.
b **27:25** *Жигирма гера* – бир гера шама менен 0,5 гр.

бағышламаң. Себеби ол Жаратқан Ийеге тийисли. 27 Бирақ биринши туўылған мал ҳарам саналған маллардан болса, ол ушын руўханийдиң белгилеген баҳасын ҳәм оның үстине бестен бир бөлегин қосып төлеп, малды қайтарып алыўына болады. Егер ол қайтарып алынбаса, онда мал белгиленген баҳаға басқа биреўге сатылады.

28 Жаратқан Ийеге толығы менен бағышланған адам, мал ҳәм мийрастан қалған атыздың ҳеш бири сатылмасын ҳәм қайтарып алынбасын. Өйткени Жаратқан Ийеге толығы менен бағышланған ҳәр бир нәрсе Жаратқан Ийеге тийисли болып, жүдә мухаддес саналады.
29 Өлимге тапсырылған адам ақшаға қайтарып сатып алынбасын, ол сөзсиз өлтирилсин.

30 Жердиң зүрәәти болсын, миййўе ағаштың жемиси болсын, жерден өнип шығатуғын ҳәр бир зүрәәттиң оннан бири Жаратқан Ийеге тийисли. Булар Жаратқан Ийеге тийисли болып, мухаддес саналады. 31 Егер бир адам оннан бириниң бир бөлегин қайтарып алыўды қәлесе, онда ол баҳасының үстине бестен бир бөлегин қосып төлеўи тийис.
32 Барлық ири ҳәм майда маллардың оннан бирине келсек, шопанның таяғының астынан өткен ҳәр бир оныншы мал Жаратқан Ийеге тийисли болып, мухаддес саналады. 33 Ҳеш ким малларды жақсы ҳәм жаман деп айырып, бир-бири менен алмастырмасын. Егер де мал алмастырылса, онда еки мал да мухаддес саналады ҳәм оны қайтарып сатып алыўға болмайды».

34 Жаратқан Ийениң Синай таўында Израил халқына Муўса арқалы берген буйрықлары усылар еди.

# Санлар китабы

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Санлар китабы Таўраттың төртинши китабы. Бул китапта Израил халқының Мысырдағы қуллықтан азат болып шыққаннан кейинги тарийхы баян етиледи. Китапта Израил халқы дизимге алынып, саналады. Соның ушын, китап «Санлар» деп аталған. Және де, китапта Израилдың Синай таўынан Қанан жерине қарай қырық жыллық жолы даўамында шөлде жүз берген ўақыялар сөз етиледи.

Китапты үш бөлимге бөлиў мүмкин. Биринши бөлимде (1:1–10:10) Қудай Муўсаға: «Саўашқа жарамлы болған барлық еркеклерди санап шық!» деп буйрық береди. Соннан кейин, Израил халқының ордада орналасыў тәртиби ҳәм Лебий урыўының Ушырасыў шатырының, яғный Мухаддес шатырдың әтирапында қалай орналасыў кереклиги ҳаққында Муўсаға толығы менен көрсетпелер бериледи. Усылай етип, Қудай Израил халқын саўашқа таяр тәртипке келтиреди.

Екинши бөлимде (10:11–21:20) Израил халқының шөлде шеккен машақатлары ҳаққында сөз етиледи. Израил халқы шөлдеги өмирден көп налыйды, ҳәттеки, Қудайға ҳәм Муўсаға қарсы бас көтереди. Олар Қанан жеринде жасап атырған қүдиретли халықлар ҳаққында еситкеннен соң, Қудайға бойсынбай, Қанан жерине ҳүжим қылыўдан бас тартады. Соның ушын, Қудай Израил халқын жазалайды. Нәтийжеде, олар қырық жыл шөлде гезип жүреди, сол ўақыт даўамында урысқа жарамлы деп дизимге киргизилген адамлардың ҳәммеси өлип кетеди.

Санлар китабының үшинши бөлими (21:21–36:13) Израил халқының Иордан дәрьясының шығысындағы жерлерди ийелеўи туўрысындағы ўақыялар менен басланады. Моаб патшасы Израил халқын нәлетлеў ушын жат халықтан болған Билам пайғамбарды жаллайды. Бирақ Билам Израил халқына қайта-қайта жарылқаў айтады. Усы арқалы Қудай Өз халқына болған садықлығын, олардың бойсынбаўшылығына қарамай, жақсы нийетин әмелге асырмақшы екенлигин көрсетеди.

Кейин Израил халқы Иордан дәрьясынан өтиўге ҳәм батыстағы Қанан жерин басып алыўға таярланады. Израил халқының базы урыўлары Иордан дәрьясының шығысына орналасыўды шешеди. Израил халқының саўашқа жарамлы жаңа әўлады дизимге алынады. Кейин Қудай Ешуаны Муўсаның орнына Израилдың гезектеги жолбасшысы етип тайынлайды.

## Израил халқының биринши мәрте дизимге алыныўы

1 [1] Израиллылар Мысырдан шық-
қаннан кейинги екинши жыл-
дың екинши айының биринши
күни Жаратқан Ийе Синай шөлин-
де, Ушырасыў шатырында Муўсаға
былай деди:
[2-3] – Сен Харон менен бирге пүт-
кил Израил жәмийетин тийреле-
ри ҳәм әўладлары бойынша санап
шық. Саўашқа жарамлы болған
жигирма ҳәм оннан жоқары жас-
тағы барлық еркеклерди бөлим-
лерге бөлип, бирме-бир атларын
жазып дизимге алың. [4] Сизлерге
жәрдем бериўи ушын жанығызда
ҳәр бир урыўдан бир адамнан бол-
сын. Олар әўлад басшыларынан
болсын. [5] Сизлерге жәрдем берету-
ғын адамлардың атлары мыналар:
Рубен урыўынан Шедеур улы Элисур,
[6] Шимон урыўынан Суришаддай улы Шелумиел,
[7] Яҳуда урыўынан Амминадаб улы Нахшон,
[8] Иссахар урыўынан Суар улы Нетанел,
[9] Зебулон урыўынан Хелон улы Элиаб,
[10] Юсуп урпағынан болған Эфрайым урыўынан Аммиҳуд улы Элишама,
Юсуп урпағынан болған Менашше урыўынан Педасур улы Гамалиел,
[11] Бенямин урыўынан Гидоний улы Абидан,
[12] Дан урыўынан Аммишаддай улы Ахиезер,
[13] Ашер урыўынан Охран улы Пагиел,
[14] Гад урыўынан Деўел улы Элясаф,
[15] Нафталий урыўынан Энан улы Ахира.
[16] Халық арасынан таңлап алынған
бул адамлар өз урыўының көсем-
лери болып, Израилдың тийре бас-
шылары еди. [17] Муўса менен Харон
атлары аталған усы адамларды ша-
қыртып алды. [18-19] Олар Жаратқан
Ийениң буйрығы бойынша екин-
ши айдың биринши күни пүткил
халықты жыйнады. Жигирма ҳәм
оннан жоқары жастағы ер адам-
ларды тийрелери, әўладлары бо-
йынша атларын бирме-бир дизим-
ге алды. Солай етип, Муўса Синай
шөлинде халықты санап шықты.
[20-21] Тийре ҳәм әўладлары бо-
йынша бирме-бир атлары дизимге
алынған жигирма ҳәм оннан жо-
қары жастағы урысқа жарамлы ер
адамлардың саны төмендегидей еди:
Израилдың[a] туңғыш улы Рубен урыўынан – 46 500 адам,
[22-23] Шимон урыўынан – 59 300 адам,
[24-25] Гад урыўынан – 45 650 адам,
[26-27] Яҳуда урыўынан – 74 600 адам,
[28-29] Иссахар урыўынан – 54 400 адам,
[30-31] Зебулон урыўынан – 57 400 адам,
[32-33] Юсуп улы Эфрайым урыўынан – 40 500 адам,
[34-35] Юсуп улы Менашше урыўынан – 32 200 адам,
[36-37] Бенямин урыўынан – 35 400 адам,

---

a **1:20-21** *Израил* – Яқыптың басқа аты. Жар 32:27-28 қараң.

38-39 Дан урыўынан – 62 700 адам,
40-41 Ашер урыўынан – 41 500
адам,
42-43 Нафталий урыўынан – 53 400
адам.
44 Муўса, Харон ҳәм Израилдың он
еки урыўының көсемлери тәрепи-
нен дизимге алынғанлар усылар
еди. Ҳәр бир көсем өз урыўының
ўәкили еди. 45 Израилда жигирма
ҳәм оннан жоқары жастағы урысқа
жарамлы барлық израиллылар өз-
лериниң әўладлары бойынша есап-
қа алынды. 46 Есапқа алынғанлар-
дың барлығы 603 550 адам болды.
47 Бирақ Лебий урыўы басқалар
менен бирге дизимге алынбады.
48 Себеби Жаратқан Ийе Муўса-
ға былай деген еди: 49 «Тек Лебий
урыўының есабын алма ҳәм олар-
ды басқа израиллылар менен бирге
дизимге киргизбе. 50 Лебийлилер-
ди ишинде буйрықлар жазылған
еки тас турған Мухаддес шатыр-
ға, оған тийисли ҳәр бир буйым
ҳәм затларға жуўапкер қылып қой.
Олар Шатырды ҳәм оның барлық
буйымларын көтерип алып жүрсин
ҳәм абайлап қарап жүрсин. Оның
дөгерегине өз шатырларын қурсын.
51 Мухаддес шатыр көширилгенде,
оны лебийлилер жыйнасын, тоқ-
таған ўақытта да, оны лебийли-
лер қурсын. Лебийлилерден басқа
Шатырға жақынласқан ҳәр бир
адам өлтирилсин. 52 Израиллылар
бөлимлерге бөлинип, шатырла-
рын қурсын. Ҳәр бир адам өз ор-
дасында ҳәм өз байрағы астында
орналассын. 53 Ал Израил жәми-
йети Жаратқан Ийениң ғәзеби-
не ушырамаўы ушын, лебийлилер
буйрықлар қойылған Шатырдың
дөгерегине өз шатырларын қурсын
ҳәм оны қараўылласын».
54 Израиллылар булардың бар-
лығын Жаратқан Ийе Муўсаға қа-
лай буйырған болса, анық сондай
етип орынлады.

## Израил урыўларының орналасыў тәртиби

2 1 Жаратқан Ийе Муўса ҳәм Ха-
ронға былай деди:
2 – Израиллылардың ҳәр бири өз
әўладының белгиси болған бай-
рақларының астында орналассын.
Олар өз шатырларын Ушырасыў
шатырының дөгерегине, оннан би-
раз қашықлаў жерге тиксин.
3 Ушырасыў шатырының күн-
шығыс тәрепинде орналасатуғын
урыўлар Яҳуда ордасының байрағы
астында бөлимлерге бөлинип ор-
наласcын. Яҳуда урыўының көсеми
Амминадаб улы Нахшон. 4 Оның
дизимнен өткен ләшкерлериниң
саны 74 600.
5 Оның қасына Иссахар урыўы
шатырларын тиксин. Иссахар уры-
ўының көсеми Суар улы Нетанел.
6 Оның дизимнен өткен ләшкерле-
риниң саны 54 400.
7 Зебулон урыўы да Яҳуда урыўы-
ның жанына шатырларын тиксин.
Зебулон урыўының көсеми Хелон
улы Элиаб. 8 Оның дизимнен өткен
ләшкерлериниң саны 57 400.
9 Яҳуда ордасының есабына кир-
ген бөлимлердеги барлық ләш-
керлердиң саны 186 400. Жолға
шыққанда, усы үш урыўдан ибарат
болған бөлим биринши болып ал-
дында жүрсин.
10 Ушырасыў шатырының қубла
тәрепинде орналасатуғын урыўлар

Рубен ордасының байрағы астында
бөлимлерге бөлинип орналассын.
Рубен урыўының көсеми Шедеур
улы Элисур. 11 Оның дизимнен өт-
кен ләшкерлериниң саны 46 500.
12 Оның қасына Шимон урыўы
өз шатырларын тиксин. Шимон
урыўының көсеми Суришаддай
улы Шелумиел. 13 Оның дизимнен
өткен ләшкерлериниң саны 59 300.
14 Гад урыўы да Рубен урыўы-
ның жанына өз шатырларын тик-
син. Гад урыўының көсеми Деўел*
улы Элясаф. 15 Оның дизимнен өт-
кен ләшкерлериниң саны 45 650.
16 Рубен ордасының есабына кир-
ген бөлимлердеги барлық ләш-
керлердиң саны 151 450. Жолға
шыққанда, усы үш урыўдан ибарат
болған бөлим екинши болып жүрсин.
17 Алдынғы еки орда менен ке-
йинги еки орданың ортасында
Ушырасыў шатыры ҳәм лебийли-
лердиң ордасы жолға шықсын. Ҳәр
бир урыўдың орналасыў тәртиби
қандай болса, жолға шыққанда да
сондай болсын. Ҳәр бири өз бай-
рағы астында өз орнында жүрсин.
18 Ушырасыў шатырының батыс
тәрепинде орналасатуғын урыў-
лар Эфрайым ордасының байра-
ғы астында бөлимлерге бөлинип
орналассын. Эфрайым урыўының
көсеми Аммиҳуд улы Элишама.
19 Оның дизимнен өткен ләшкер-
лериниң саны 40 500.
20 Оның қасына Менашше урыўы
өз шатырларын тиксин. Менашше
урыўының көсеми Педасур улы Га-
малиел. 21 Оның дизимнен өткен
ләшкерлериниң саны 32 200.
22 Бенямин урыўы да Эфрайым
урыўының жанына өз шатырларын
тиксин. Бенямин урыўының көсе-
ми Гидоний улы Абидан. 23 Оның
дизимнен өткен ләшкерлериниң
саны 35 400.
24 Эфрайым ордасының есабына
кирген бөлимлердеги барлық ләш-
керлердиң саны 108 100. Үшинши
болып усылар жолға шықсын.
25 Ушырасыў шатырының арқа
тәрепинде орналасатуғын урыўлар
Дан урыўының байрағы астында
бөлимлерге бөлинип орналассын.
Дан урыўының көсеми Аммишад-
дай улы Ахиезер. 26 Оның дизимнен
өткен ләшкерлериниң саны 62 700.
27 Оның қасына Ашер урыўы өз
шатырларын тиксин. Ашер уры-
ўының көсеми Охран улы Пагиел.
28 Оның дизимнен өткен ләшкер-
лериниң саны 41 500.
29 Нафталий урыўы да Дан уры-
ўының жанына өз шатырларын
тиксин. Нафталий урыўының кө-
семи Энан улы Ахира. 30 Оның ди-
зимнен өткен ләшкерлериниң саны
53 400.
31 Дан ордасының есабына кир-
ген барлық ләшкерлердиң саны 157
600. Олар өз байрақлары астында
ең ақырында жолға шықсын.
32 Солай етип, өз әўладлары бо-
йынша есаптан өткен пүткил Из-
раил халқы усылар еди. Ҳәр бир
орданың бөлимлерге бөлинип,
есаптан өткен барлық ләшкер-
лердиң саны 603 550. 33 Жаратқан
Ийениң Муўсаға берген буйрығы
бойынша Лебий урыўы басқа из-
раиллылар менен бирге есаптан
өткерилмеди.
34 Солай етип, израиллылар
Жаратқан Ийениң Муўсаға бу-
йырғанындай етип иследи. Олар

өз байрақлары астында ордаларын қурды. Олардың ҳәр бири тийре ҳәм әўладлары бойынша орналасып, сол тәртипте жолға шығатуғын еди.

## Харонның уллары

3 [1] Жаратқан Ийе Синай таўын-
да Муўса менен сөйлескенде,
Харон менен Муўсаның урпақлары
мыналардан ибарат еди:
[2] Харонның уллары: туңғышы
Надаб, оннан кейингиси Аби-
ҳу, Элазар ҳәм Итамар. [3] Май қу-
йылып, руўханийлик хызметке
тайынланған Харонның уллары
усылар еди. [4] Бирақ Надаб пенен
Абиҳу Синай шөлинде Жаратқан Ийениң алдында буйырылмаған от усынғаны ушын өлген еди. Олардың екеўи де перзентсиз еди. Сонлықтан Элазар менен Итамар әкеси Харонның қасында руўханийлик хызметин атқарды.

## Лебийлилердиң хызметлери

[5] Жаратқан Ийе Муўсаға былай
деди:
[6] – Руўханий Харонға жәрдем бе-
риўи ушын Лебий урыўын шақы-
рып, оларды хызметке қой. [7] Олар
Харон ҳәм пүткил жәмийет ушын Ушырасыў шатырында қараўыллық қылсын ҳәм ондағы барлық хызметти алып барсын. [8] Олар из-
раиллылар ушын Ушырасыў ша-
тырында хызмет қылып, ондағы барлық буйымларға жуўапкер бол-
сын. [9] Лебийлилерди Харон ҳәм
оның улларының хызметине тапсыр. Лебийлилер Израил халқының ишинде пүткиллей Харонның
хызметине арналады. [10] Руўханий-
лик хызметин атқарыўы ушын Харон менен улларын хызметке қой. Олардан басқа Мухаддес орынға жақынлаған ҳәр бир адам өлтирилсин.
[11] Жаратқан Ийе Муўсаға және
былай деди:
[12] – Мине, Израил халқының
қарыннан биринши шыққан улларының орнына лебийлилерди таңладым. Олар Маған тийис-
ли. [13] Өйткени барлық туңғыш-
лар Маған тийисли. Мен Мысырда туңғышлардың ҳәммесин жоқ қылған күни, Израилдың барлық туңғышларын – адамның туңғышын, ҳайўанның биринши төлин Өзиме айырып алдым. Олар Маған тийисли. Себеби Мен – Жаратқан Ийемен.

## Лебий урыўының дизимге алыныўы

[14] Жаратқан Ийе Муўсаға Синай
шөлинде былай деди:
[15] – Лебий урыўын санақтан өт-
киз. Бир айлық ҳәм оннан жоқары жастағы барлық ер адамларды әўладлары ҳәм тийрелери бойынша есаплап шық.
[16] Солай етип, Муўса Жаратқан
Ийениң буйрығы бойынша оларды санап шықты.
[17] Лебийдиң улларының атлары
мыналар: Гершон, Қоҳат ҳәм Ме-
рарий. [18] Гершонның тийре бас-
шылары болған уллары мыналар:
Либний ҳәм Шимей. [19] Қоҳаттың
тийре басшылары болған уллары:
Амрам, Исҳар, Хеброн ҳәм Уззиел.
[20] Мерарийдиң тийре басшылары
болған уллары: Махлий ҳәм Мушийй. Әўладлары бойынша Лебий тийрелери усылар.

[21] Гершоннан Либний ҳәм Шимей
тийрелери келип шықты. [22] Олар-
дың бир айлық ҳәм оннан жоқары
жастағы есаптан өткен барлық ер-
креклериниң саны 7500. [23] Гершон
тийрелери батыста, Шатырдың
артқы тәрепинде орналасыўы керек
еди. [24] Гершон әўладының басшысы
Лаел улы Элясаф еди. [25] Гершонның
урпағы Ушырасыў шатырының
мына затлары ушын жуўапкер еди:
шатырдың ишки бөлими менен
жапқышларына, шатырдың ки-
рер аўзындағы пердеге, [26] ҳәўли
ҳәм қурбанлық орынды қоршап
турған перделерге, ҳәўлиниң ки-
рер аўзындағы пердеге, арқанларға
ҳәм буларға тийисли барлық хыз-
метлерге.

[27] Қоҳаттан Амрам, Исҳар, Хеброн
ҳәм Уззиел тийрелери келип шықты.
[28] Олардағы бир айлық ҳәм оннан
жоқары жастағы барлық ер адам-
лардың саны 8600 еди. Олар Мухад-
дес шатырдың хызметине жуўапкер
болды. [29] Қоҳаттан келип шыққан
тийрелер шатырдың қубла тәрепин-
де орналасыўы керек еди. [30] Қоҳат
әўладының басшысы Уззиел улы
Элисафан еди. [31] Қоҳат урпағы Ке-
лисим сандығына, столға, шыра
қойғышқа, қурбанлық орын ме-
нен түтетки түтетилетуғын орынға,
Мухаддес шатырдың буйымларына,
Ең мухаддес бөлме менен Мухад-
дес бөлмени бөлип турған пердеге
ҳәм усыларға тийисли хызметлерге
жуўапкер еди. [32] Лебий урыўының
басшыларының үстинен руўханий
Харонның улы Элазар басшылық
қылатуғын еди. Мухаддес шатыр-
ға жуўапкер адамлар оның бақла-
ўы астында болды.

[33] Мерарийден Махлий ҳәм Му-
ший тийрелери келип шықты.
[34] Олардың бир айлық ҳәм оннан
жоқары жастағы есаптан өткен
барлық еркеклериниң саны 6200.
[35] Мерарий әўладының басшысы
Абихайыл улы Суриел еди. Ме-
рарий тийрелери шатырдың арқа
тәрепинде орналасыўы керек еди.
[36-37] Мерарий урпақлары шатыр-
дың мына затлары ушын жуўапкер
еди: шатырдың тахтайларына, қа-
даларына, бақанларына, ултанла-
рына ҳәм буларға тийисли барлық
затларға, шатырдың ҳәўлисиниң
әтирапындағы бақанлары менен
ултанларына ҳәм қазықлары ме-
нен арқанларына ҳәм буларға ти-
йисли барлық хызметке.

[38] Муўса, Харон ҳәм оның улла-
ры шатырдың шығысқа қараған
алдыңғы тәрепине, Ушырасыў ша-
тырының алдында орналасатуғын
еди. Олар израиллылар атынан
Мухаддес мәканда хызмет қылыў
ушын қойылған еди. Олардан басқа
сол хызметти атқарыўға Мухаддес
мәканға жақынлаған ҳәр бир адам
өлтирилетуғын еди.

[39] Муўса менен Харон Жаратқан
Ийениң буйрығына муўапық Ле-
бий урыўын тийрелери бойынша
бир айлық ҳәм оннан жоқары жас-
тағы барлық ер адамларды санап
шыққанда, олардың улыўма саны
22 000 болды.

## Лебий урыўының туңғыш уллардың орнын басыўы

[40] Соннан кейин, Жаратқан Ийе
Муўсаға:
– Израиллылардың бир айлық
ҳәм оннан жоқары жастағы еркек

туңғышларын санап шығып, оларды атпа-ат дизимге ал. [41] Израиллылардың барлық туңғыш улларының орнына лебийлилерди, және де, израиллылардың ҳайўанларының биринши төллериниң орнына лебийлилердиң ҳайўанларын Маған айырып бер. Мен – Жаратқан Ийемен, – деди.

[42] Солай етип, Муўса Жаратқан Ийениң буйырғанындай етип, израиллылардың барлық туңғыш улларын санап шықты. [43] Атпа-ат есапқа алынған бир айлық ҳәм оннан жоқары жастағы туңғыш ер адамлар барлығы болып 22 273 болды.

[44] Жаратқан Ийе Муўсаға және былай деди:

[45] – Израиллылардың туңғыш улларының орнына лебийлилерди, ҳайўанларының орнына да лебийлилердиң ҳайўанларын айырып шығар. Лебийлилер Меники болады. Мен – Жаратқан Ийемен. [46] Лебийлилердиң санынан артық шыққан 273 израиллы туңғыш ер адамлар ушын қун төлеп қайтып алыўы тийис. [47] Ҳәр бир артық шыққан адам ушын бес шекел[a] гүмистен ал. Ҳәр бир шекел гүмис бөлеклери Мухаддес орын өлшеми менен жигирма герадан[b] болсын. [48] Лебийлилердиң санынан артық шыққанлардан қун сыпатында алынатуғын гүмисти Харон менен улларына бер.

[49] Муўса лебийлилерден артық шыққан израиллыллардан қун төлеми сыпатында пул алғанда, [50] бул Мухаддес орын өлшеми менен 1365 шекел гүмис болды. [51] Муўса Жаратқан Ийениң өзине буйырғанындай, қунның төлемлерин Харон ҳәм оның улларына берди.

## Қоҳат урпағының хызметлери

**4** [1] Жаратқан Ийе Муўса менен Харонға былай деди:

[2] – Лебий урыўындағы Қоҳат урпағын тийре ҳәм әўладлары бойынша санап шық. [3] Ушырасыў шатырында жумыс ислеўге жарамлы отыздан елиў жасқа дейинги адамлардың ҳәммесин сана.

[4] Қоҳат урпағының жумысы Ушырасыў шатырындағы ең мухаддес буйымларға жуўапкершиликтен ибарат. [5] Халық жолға шыққан ўақытта Харон менен уллары келип, ишки бөлмениң пердесин шешип алсын ҳәм оның менен Келисим сандығын жапсын. [6] Кейин оның үстине жумсақ териден исленген жабыў жаўып, үстине және қызғыш көк жапқыш жапсын ҳәм сырықларын сандықтың ҳалқаларына жайластырсын.

[7] Усынылған нанлар қойылатуғын столдың үстине қызғыш көк реңли жапқыш жайып, үстине табақларды, түтетки салатуғын тостағанларды, ишимлик садақалары ушын кеселер ҳәм гүзелерди қойсын. Столдың үстинде күнделикли усынылған нанлар да турсын. [8] Булардың үстине қырмызы реңли жапқыш жаўып, кейин оны жумсақ териден исленген жапқыш пенен жапсын, ал сырықларын столдың ҳалқаларына жайластырсын.

---

a **3:47** *Бес шекел* – бир шекел шама менен 11 гр.
b **3:47** *Жигирма гера* – бир гера шама менен 0,5 гр.

9 Соннан соң шыра қойғышты,
оның шыраларын, пиликлерди
тазалайтуғын қысқышлар ме-
нен ыдысларды ҳәм зәйтүн майы
ушын қолланылатуғын ыдысларды
қызғыш көк реңли жапқыш пенен
жаўып орасын. 10 Кейин буларды
жумсақ тери менен орап, зәмбер-
диң үстине қойсын.
11 Түтетки түтетилетуғын алтын
орынның үстине қызғыш көк таўар
жайып, оның үстин жумсақ бир
тери менен қапласын ҳәм сырық-
ларын алтын орынның ҳалқала-
рына жайластырсын. 12 Мухаддес
орында қолланылатуғын барлық
буйымларды алып, оларды қыз-
ғыш көк жапқыш пенен орап, үстин
жумсақ териден исленген жапқыш
пенен жапсын ҳәм кейин екинши
зәмбердиң үстине қойсын.
13 Қурбанлық орынды күлден та-
залап, оны шым қызыл реңли жа-
быў менен жапсын. 14 Соннан соң,
хызмет ўақтында қолланылатуғын
барлық буйымларды: шоқ салына-
туғын ыдысларды, шанышқыны,
күл алатуғын белшени, қан себету-
ғын табақларды қурбанлық орын-
ның үстине қойып, жумсақ териден
исленген жабыў менен жапсын ҳәм
сырықларын қурбанлық орынның
ҳалқаларына жайластырсын.
15 Израил ордасы басқа жерге кө-
шетуғын ўақытта, Харон менен
оның уллары мухаддес буйымлар-
ды ҳәм буларға тийисли барлық
затларды жыйнастырып, орап бол-
ғаннан соң, Қоҳат урпақлары келип,
оларды көтерип алып жүрсин. Олар
өлмеўи ушын мухаддес буйымлар-
ға қол тийгизбесин. Қоҳат урпа-
ғының Ушырасыў шатырындағы
алып жүретуғын буйымлары усы-
лардан ибарат.
16 Руўханий Харон улы Элазар
шыралар ушын зәйтүн майына,
хош ийисли түтеткиге, күнделик-
ли берилетуғын ғәлле садақасына
ҳәм майлаў рәсимине қолланыла-
туғын зәйтүн майына, және де, ша-
тырға ҳәм оның ишиндеги барлық
мухаддес буйымлар менен буларға
тийисли затларға жуўапкер болсын.
17 Жаратқан Ийе Муўса менен
Харонға былай деди:
18 – Қоҳат тийрелериниң лебий-
лилердиң арасынан жоқ болып ке-
тиўине жол қоймаңлар. 19 Олардың
ең мухаддес затларға жақынласып,
өлип қалмаўы ушын былай ислең:
Харон менен оның уллары келип,
Қоҳат урпағының ҳәр бириниң ис-
лейтуғын хызметин ҳәм не алып
жүретуғынын белгилесин. 20 Би-
рақ Қоҳат урпағы азғантай ўақыт-
қа болса да ишке кирип, мухаддес
буйымларға қарамасын, болмаса
олар өледи.

## Гершон урпағының хызметлери

21 Жаратқан Ийе Муўсаға бы-
лай деди:
22 – Гершон урпағын да әўладла-
ры ҳәм тийрелери бойынша санақ-
тан өткиз. 23 Ушырасыў шатырында
жумыс ислеўге жарамлы отыздан
елиў жасқа дейинги барлық ер
адамларды сана.
24 Гершон тийрелериниң хыз-
мети ҳәм жүк тасыў ўазыйпала-
ры мыналардан ибарат: 25 олар
Ушырасыў шатырының ишки ҳәм
сыртқы жапқышларын, оның ки-
рер аўзындағы пердени, 26 шатыр

менен қурбанлық орынды айлана
дөгереклеп турған ҳәўлиниң пер-
делерин, ҳәўлиниң кирер аўзын-
дағы пердени ҳәм арқанлар менен
усыларға қолланылатуғын бар-
лық затларды көтерип алып жүр-
син. Усы затлар менен байланыслы
жумыслардың ҳәммесин Гершон
урпағы орынласын. 27 Харон ҳәм
оның уллары Гершон урпағының
хызметин, жүклерди тасыўын ҳәм
басқа да орынлайтуғын ўазыйпала-
рын шөлкемлестирсин. 28 Гершон
тийрелериниң Ушырасыў шаты-
рындағы ислейтуғын жумыслары
усылардан ибарат. Олар руўханий
Харон улы Итамардың бақлаўы ас-
тында хызмет етеди.

## Мерарий урпағының хызметлери

29 Енди Мерарий урпағын тий-
релери ҳәм әўладлары бойынша
санақтан өткиз. 30 Ушырасыў ша-
тырында жумыс ислеўге жарамлы
отыздан елиў жасқа дейинги бар-
лық ер адамларды сана. 31 Олар
Ушырасыў шатырындағы жумыс
барысында мыналарды орынлай-
ды: шатырдың тахтайларын, қада-
ларын, бақанларын, ултанларын,
32 шатырды дөгереклеп турған
ҳәўлиниң бақанлары менен оның
ултанларын, қазықларын, арқан-
ларын ҳәм буларға қолланылату-
ғын барлық затларды көтерип алып
жүрсин. Олардың ҳәр бирине не
тасыйтуғынын анықлап, белгилеп
бериң. 33 Мерарий тийрелериниң
Ушырасыў шатырына байланыслы
хызмети усылардан ибарат. Олар
руўханий Харон улы Итамардың
бақлаўы астында хызмет етеди.

## Лебийлилердиң жәнe дизимге алыныўы

34 Муўса, Харон ҳәм жәмийеттиң
көсемлери Қоҳат урпағын тийреле-
ри ҳәм әўладлары бойынша санап
шықты. 35 Ушырасыў шатырын-
да жумыс ислеўге жарамлы отыз-
дан елиў жасқа дейинги барлық
ер адамларды санап шыққанда,
36 олардың саны 2750 адам болды.
37 Ушырасыў шатырында жумыс
ислейтуғын Қоҳат урпағы усылар
еди. Жаратқан Ийениң Муўсаға
берген буйрығы бойынша Муўса
менен Харон оларды санап шықты.
38 Гершон урпағы да тийрелери
ҳәм әўладлары бойынша саналды.
39 Ушырасыў шатырында жумыс
ислеўге жарамлы отыз жастан елиў
жасқа дейинги барлық ер адамлар
саналғанда, 40 олардың саны 2630
адам болды. 41 Ушырасыў шаты-
рында жумыс ислейтуғын Гершон
урпағы усылар еди. Жаратқан Ийе-
ниң буйрығы бойынша Муўса ме-
нен Харон оларды санап шықты.
42 Мерарий урпағы да тийрелери
ҳәм әўладлары бойынша саналды.
43 Ушырасыў шатырында жумыс
ислеўге жарамлы отыз жастан елиў
жасқа дейинги барлық ер адамлар
саналғанда, 44 олардың саны 3200
адам болды. 45 Ушырасыў шаты-
рында жумыс ислейтуғын Мера-
рий урпағы усылар еди. Жаратқан
Ийениң Муўсаға берген буйрығы
бойынша Муўса менен Харон олар-
ды санап шықты.
46 Солай етип, Муўса, Харон ҳәм
Израилдың көсемлери лебийли-
лерди тийрелери ҳәм әўладлары бо-
йынша санап шықты. 47 Ушырасыў

шатырында жумыс ислеўге ҳәм жүк
тасыўға жарамлы отыз жастан елиў
жасқа дейинги барлық ер адамлар
саналғанда, 48 олардың улыўма са-
ны 8580 адам болды. 49 Жаратқан
Ийениң Муўсаға берген буйрығы
бойынша олардың ҳәр бирине ис-
лейтуғын хызмети ҳәм тасыйтуғын
жүклери белгилеп берилди. Солай
етип, Жаратқан Ийениң Муўсаға
берген буйрығы бойынша барлық
адамлар дизимге алынды.

### Жәмийеттиң пәклигин сақлаў

**5** 1 Жаратқан Ийе Муўсаға бы-
лай деди:
2 – Израил халқына буйыр. Олар
тери кеселлигине жолыққан, жы-
нысый ағзасынан ириң яки қан
бөлинип шыққан ямаса өлиге бир
жерин тийгизип ҳарамланған ҳәр
бир адамды ордадан сыртқа шы-
ғарып жиберсин. 3 Еркек болсын,
ҳаял болсын арасында Мен жа-
сап атырған орданы ҳарамламаўы
ушын, оларды орданың сыртына
шығарып жиберсин.
4 Израил халқы айтылғанларды
орынлап, Жаратқан Ийениң Муў-
саға буйырғанындай оларды орда-
ның сыртына шығарып жиберди.

### Гүна ушын төлем төлеў туўрысында

5 Жаратқан Ийе Муўсаға былай
деди:
6 – Израил халқына былай деп
айт: «Егер бир еркек ямаса ҳаял
биреўге қарсы қандай да бир гүна
ислеп, усы арқалы Жаратқан Ийе-
ге қыянет етсе, ол адам айыплы
саналады. 7 Бундай адам ислеген
гүнасын ашық мойынласын. Ол жә-
бир шеккен адамға келтирген зыя-
ны ушын төлем төлесин, және де,
оның үстине бестен бир бөлегин
де қосып берсин. 8 Егер де ол адам
өлсе ҳәм оған берилетуғын төлемди
алатуғын бирде бир жақын ағайини
болмаса, онда сол төлем Жаратқан
Ийеге тийисли болып, буны руўха-
нийге берсин. Айыплы адам усы
төлем менен бирге гүнадан пәкле-
ниў ушын қурбанлыққа бир қошқар
алып келсин. 9 Израил халқының
руўханийге алып келген мухаддес
садақаларының барлығы руўха-
нийге тийисли болсын. 10 Руўханий
қабыл қылған ҳәр бир садақа руў-
ханийдиң өзине тийисли болсын».

### Ҳаялынан гүманланған еркек ҳаққында

11 Жаратқан Ийе Муўсаға бы-
лай деди:
12 – Израил халқына былай деп
айт: «Егер бир адамның ҳаялы жол-
дан азғырылып, күйеўине бийопа-
лық қылса, 13 басқа бир адам менен
жатып, өзин ҳарамласа, буны күйе-
ўинен жасырса ҳәм буған гүўа адам
болмағанлығы себепли ҳаялдың
ислегени жасырын болса, 14 буған
қарамастан, күйеўи ҳаялын қызға-
нып, оған қарсы жүрегинде гүман
пайда болыўы мүмкин. Ямаса ҳа-
ялы бийопалық қылмаса да, күйе-
ўи оны қызғанып, жүрегинде оған
қарсы гүман пайда болыўы мүм-
кин. 15 Усындай жағдайларда ол
адам ҳаялын руўханийге алып кел-
син. Ҳаялы ушын оннан бир эфа[a]

---

[a] **5:15** *Оннан бир эфа* – бир эфа шама менен 22 л.

арпа унынан садақа алып келсин.
Унның үстине зәйтүн майын ямаса
хош ийисли шайыр қоспасын. Се-
беби бул – айыпты еслетиў ушын
берилетуғын қызғаныў садақасы.
16 Руўханий ҳаялды алып келип,
Жаратқан Ийениң алдына тур-
ғызсын. 17 Кейин ылайдан ислен-
ген ыдысқа мухаддес суў қуйсын
ҳәм Мухаддес шатырдың ишин-
деги жерден топырақ алып, суўға
салсын. 18 Руўханий сол ҳаялды
Жаратқан Ийениң алдына турғыз-
ғаннан соң, оның шашын жайсын,
еслетиў садақасын, яғный қызға-
ныў садақасын оның қолына ус-
латсын. Руўханийдиң өзи нәлет
келтиретуғын ашшы суўды қолына
услап турсын. 19 Соннан соң, ол ҳа-
ялға нәлетти тастыйықлатып, оған
былай деп айтсын: „Егер сен басқа
бир еркек пенен жатпаған болсаң,
күйеўиң бола тура жолдан азғыры-
лып, өзиңди ҳарамламаған болсаң,
онда нәлет алып келетуғын мы-
на суў саған зыянын тийгизбесин.
20 Бирақ күйеўиң бола тура жол-
дан азғырылып, басқа бир еркек
пенен жатып, өзиңди ҳарамлаған
болсаң, 21 онда адамлар биреўди
нәлетлегенде, Жаратқан Ийе сениң
атыңды нәлетке қосып айтатуғын
қылсын ҳәм қурсағың зыянланып,
бийперзент қылсын. 22 Нәлет кел-
тиретуғын бул суў ишиңе барған-
да, қурсағың зыянланып, бала туўа
алмайтуғын қылсын“.
Сонда ҳаял: „Аўмийин, аўми-
йин“, – деп айтсын.
23 Руўханий бул нәлетлерди бир
бөлек териге жазып, оны ашшы
суўға шайсын. 24 Нәлет келтире-
туғын суўды ҳаялға ишкизсин. Суў
ҳаялдың ишине киргеннен соң,
оған азап берсин. 25 Руўханий сол
ҳаялдың қолынан қызғаныў са-
дақасын алып, Жаратқан Ийениң
алдында жоқары көтерип усын-
ғаннан соң, садақаны қурбанлық
орынға алып келсин. 26 Руўханий
ғәлле садақасынан бир уўыс алып,
оны толық садақаның белгиси ре-
тинде қурбанлық орында түтетип
жандырсын. Кейин ҳаялға суўды
ишкизсин. 27 Егер ҳаял күйеўине
бийопалық қылып, өзин ҳарамла-
ған болса, нәлет алып келетуғын
суўды ишкенде, оған азап бере-
ди. Суў оның қарнын исирип, туў-
майтуғын қылып таслайды ҳәм ол
халқы арасында нәлетий болып
қалады. 28 Бирақ ҳаял өзин ҳарам-
ламаған ҳәм пәк болса, ол өзине
тағылған айыптан қутылады ҳәм
бала көтеретуғын болады.
29 Қызғаншақлық ҳаққында қа-
ғыйдалар усылардан ибарат. Егер
бир ҳаял күйеўине бийопалық қы-
лып, өзин ҳарамласа, 30 ямаса кү-
йеўинде ҳаялына деген қызғаныш
ҳәм жүрегинде оған қарсы гүман
пайда болса, онда руўханий ҳаялды
Жаратқан Ийениң алдына турғы-
зып, усы нызам бойынша ис тутсын.
31 Сонда күйеўи ҳәр қандай айып-
тан қутылады, ҳаял болса, исле-
ген айыбының жазасын тартады».

### Жаратқан Ийеге бағышланыў

6 1 Жаратқан Ийе Муўсаға бы-
лай деди:
2 – Израил халқына былай деп
айт: «Егер еркек ямаса ҳаял ай-
рықша ўәде берип, өзин нәзир
сыпатында Жаратқан Ийеге ба-
ғышласа, 3 ол шараптан ҳәм ҳәр

қандай өткир ишимликтен өзин
тыйсын. Жүзимнен ямаса басқа
өткир ишимликлерден исленген
сирке суўынан ишпесин. Жүзимнен
таярланған ширели суўдан ишпе-
син. Жүзим де, кишмиш те жемесин.
4 Ол Жаратқан Ийеге бағышланған
дәўиринде жүзимнен таярланған
ҳеш нәрсе жемесин, ҳәттеки, жү-
зимниң дәнесинен қабығына дейин
аўзына улыўма алмасын.
5 Нәзир сыпатында бағышланған
дәўиринде басына ҳеш қандай пә-
ки тиймесин. Ол өзин Жаратқан
Ийеге арнаған дәўириниң ақыры-
на дейин мухаддес болсын, шашын
өсирсин. 6 Сол күнлер даўамында
өлиге жақынламасын. 7 Ҳәттеки,
оның анасы, әкеси, аға-иниси ямаса
әжапа-қарындасы қайтыс болса да,
олар себепли өзин ҳарамламасын.
Өйткени оның басындағы шашы –
өзин нәзир сыпатында Қудайға ба-
ғышлағанының белгиси. 8 Ол нәзир
болған дәўиринде Жаратқан Ийеге
бағышланған болады.
9 Егер оның жанында тосаттан
биреў қайтыс болып қалса, онда
ол адамның бағышланған шашы
ҳарамланады. Сол себепли нәзир
болған адам өзин пәклеў ушын же-
ти күннен кейин шашын алдырып
тасласын. 10 Сегизинши күни ол
еки қумыры ямаса еки жас кеп-
тер әкелип, Ушырасыў шатыры-
ның алдында руўханийге берсин.
11 Руўханий булардың биреўин гү-
на қурбанлығы етип, екиншисин
жандырылатуғын қурбанлық етип
берсин. Солай етип, өли себепли
айыплы болған сол адам ушын пәк-
леў рәсими өткерилсин. Сол күни
ол өз басын қайтадан бағышласын.
12 Ол ҳарамланғанлығы себеп-
ли оның алдынғы бағышланған
күнлери есапқа алынбайды. Сон-
лықтан, айып қурбанлығы ушын
бир жасар еркек тоқлы усынып,
Жаратқан Ийеге өзин қайтадан
бағышлаўы тийис.
13 Нәзир болған адамға арнал-
ған қағыйда мыналардан ибарат:
оның бағышланыў күнлери тамам
болғанда, ол Ушырасыў шатыры-
ның алдына алып келинсин. 14 Усы
жерде ол Жаратқан Ийеге мына
қурбанлықларды усынсын: жан-
дырылатуғын қурбанлық ушын
бир жасар минсиз бир еркек тоқлы,
гүна қурбанлығы ушын бир жасар
минсиз бир қой, татыўлық қурбан-
лығы ушын минсиз бир қошқар,
15 ғәлле садақасы ҳәм ишимлик
садақалары менен бирге бир се-
бет ашытқысыз нанлар – сапалы
уннан зәйтүн майы қосылған шө-
реклер, үстине зәйтүн майы жа-
ғылған пәтирлер.
16 Руўханий буларды гүна қур-
банлығы ҳәм жандырылатуғын
қурбанлық ушын Жаратқан Ийеге
усынсын. 17 Кейин қошқарды ғәл-
ле ҳәм ишимлик садақалары менен
бирге Жаратқан Ийеге татыўлық
қурбанлығы етип усынсын. Сон-
дай-ақ, себеттеги ашытқысыз нан-
ларды да усынсын.
18 Соннан соң, нәзир болған адам
Ушырасыў шатырының алдын-
да бағышланған шашын алдырып,
шашын татыўлық қурбанлығы
жандырылып атырған отқа жа-
ғып жиберсин.
19 Нәзир болған адам шашын ал-
дырғаннан соң, руўханий қошқар-
дың қайнатылған алдынғы бир

санын, себеттен ашытқысыз бир
нанды ҳәм пәтирди оның қолына
услатсын. 20 Кейин руўханий бу-
ларды Жаратқан Ийеге бағышлаў
ушын жоқары көтерип усынсын.
Булар жоқары көтерип усыныл-
ған төс ҳәм артқы сан менен бир-
ге мухаддес болып, руўханийдиң
пайы саналады. Соннан кейин нә-
зир болған адам шарап ишиўине
болады.
21 Ўәде берип, нәзир сыпатында
бағышланған адам ушын қағый-
далар усылардан ибарат. Ол усы
қағыйдаларға муўапық Жаратқан
Ийеге қурбанлықларын берсин.
Соның менен бирге, қолынан кел-
генинше оннан да көбирегин бери-
ўине болады. Ол берген ўәдесин
бағышлаў қағыйдасына сай анық
орынаўы керек».

### Руўханийдиң ақ пәтиясы

22 Жаратқан Ийе Муўсаға бы-
лай деди:
23 – Харон менен оның улларына
былай деп айт: «Израил халқына
ақ пәтия бергенеиңизде, оларға бы-
лай деп айтың:

24 „Жаратқан Ийе сизлерди
жарылқасын, қорғасын!
25 Жаратқан Ийе сизлерге Өз
жүзиниң нурын шашсын,
реҳимли болсын!
26 Жаратқан Ийе сизлерге Өз
нәзерин салсын ҳәм
тынышлығын берсин!“

27 Солай етип, руўханийлер
атымды айтып, Израил халқы-
на ақ пәтия берсин. Сонда Мен де
оларды жарылқайман».

### Басшылардың Жаратқан Ийеге берген садақалары

7 1 Муўса Шатырды тигип бол-
ғаннан соң, Шатырға ҳәм оның
барлық буйымларына, және де, қур-
банлық орынға ҳәм оған тийисли бар-
лық буйымларға май серпип, оларды
бағышлады. 2 Кейин Израилдың кө-
семлери, дизимге алыў ўазыйпасын
алып барған әўлад ҳәм урыў бас-
шылары өз сыйларын алып келди.
3 Олардың Жаратқан Ийеге алып
келген сыйлары үсти бастырылған
алты арба ҳәм он еки өгизден ибарат
еди. Ҳәр бир көсем бир өгизден ҳәм
ҳәр бир еки көсем бир арбадан алып
келген еди. Көсемлер бул сыйларын
шатырдың алдына әкелип қойды.
4 Кейин Жаратқан Ийе Муўсаға
былай деди:
5 – Бул сыйларды олардан қабыл
етип ал. Буларды Ушырасыў шаты-
рындағы хызметлерде қолланың.
Лебийлилердиң ислейтуғын хыз-
метлерине қарап, буларды оларға
бөлип бер.
6 Сонда Муўса арба ҳәм өгизлер-
ди алып, лебийлилерге бөлистирип
берди. 7 Ислейтуғын хызметлери
бойынша Гершон урпағына еки
арба менен төрт өгиз, 8 Мерарий
урпағына төрт арба менен сегиз
өгиз берди. Мерарий ҳәм Гершон
урпақлары руўханий Харонның
улы Итамардың бақлаўы астын-
да хызмет қылатуғын еди. 9 Қоҳат
урпағына болса, ҳеш нәрсе берме-
ди. Себеби олардың ислейтуғын
хызмети мухаддес буйымларды
ийнинде көтерип, алып жүриў еди.
10 Қурбанлық орын майланып,
бағышланған ўақытта, көсемлер

өзлериниң басқа сыйларын алып
келди ҳәм буларды орынның алды-
на әкелип қойды. 11 Бул ҳаққында
Жаратқан Ийе Муўсаға: «Қурбан-
лық орынның бағышланыўы ушын
ҳәр күни бир көсем өзиниң сыйын
усынсын», – деген еди.
12 Биринши күни Яҳуда урыўы-
нан Амминадаб улы Нахшон сый-
ларын усынды. 13 Оның әкелген
сыйлары мыналардан ибарат еди:
Мухаддес орын өлшеми менен 130
шекел аўырлығындағы бир гүмис
жалпақ табақ, 70 шекел аўырлы-
ғындағы бир гүмис қырма. Бул еке-
ўи де ғәлле садақасы ушын зәйтүн
майы араластырылған сапалы ун-
ға толы еди. 14 Түтетки толтырыл-
ған 10 шекел аўырлығындағы бир
алтын тостаған, 15 жандырылату-
ғын қурбанлық ушын бир буға, бир
қошқар, бир жасар еркек тоқлы,
16 гүна қурбанлығы ушын бир теке,
17 татыўлық қурбанлығы ушын еки
буға, бес қошқар, бес теке, ҳәр бири
бир жасардан болған бес еркек тоқ-
лы. Амминадаб улы Нахшонның
алып келген сыйлары усылар еди.
18 Екинши күни Иссахар урыў-
ўының көсеми Суар улы Нетанел
сыйларын усынды. 19 Оның алып
келген сыйлары мыналар еди: Му-
хаддес орын өлшеми менен 130
шекел аўырлығындағы бир гүмис
жалпақ табақ, 70 шекел аўырлы-
ғындағы бир гүмис қырма. Бул еке-
ўи де ғәлле садақасы ушын зәйтүн
майы араластырылған сапалы ун-
ға толы еди. 20 Түтетки толтырыл-
ған 10 шекел аўырлығындағы бир
алтын тостаған, 21 жандырылату-
ғын қурбанлық ушын бир буға, бир
қошқар ҳәм бир жасар еркек тоқлы,
22 гүна қурбанлығы ушын бир теке,
23 татыўлық қурбанлығы ушын еки
буға, бес қошқар, бес теке ҳәм ҳәр
бири бир жасардан болған бес ер-
кек тоқлы. Суар улы Нетанелдиң
алып келген сыйлары усылар еди.
24 Үшинши күни Зебулон уры-
ўының көсеми Хелон улы Элиаб
сыйларын усынды. 25 Оның алып
келген сыйлары мыналардан иба-
рат еди: Мухаддес орын өлшеми
менен 130 шекел аўырлығындағы
бир гүмис жалпақ табақ, 70 ше-
кел аўырлығындағы бир гүмис
қырма. Бул екеўи де ғәлле сада-
қасы ушын зәйтүн майы аралас-
тырылған сапалы унға толы еди.
26 Түтетки толтырылған 10 шекел
аўырлығындағы бир алтын тоста-
ған, 27 жандырылатуғын қурбан-
лық ушын бир буға, бир қошқар
ҳәм бир жасар еркек тоқлы. 28 Гүна
қурбанлығы ушын бир теке, 29 та-
тыўлық қурбанлығы ушын еки бу-
ға, бес қошқар, бес теке ҳәм ҳәр
бири бир жасардан болған бес ер-
кек тоқлы. Хелон улы Элиабтың
алып келген сыйлары усылар еди.
30 Төртинши күни Рубен урыўы-
ның көсеми Шедеур улы Элисур
сыйларын усынды. 31 Оның алып
келген сыйлары мыналардан иба-
рат еди: Мухаддес орын өлшеми
менен 130 шекел аўырлығындағы
бир гүмис жалпақ табақ, 70 шекел
аўырлығындағы бир гүмис қыр-
ма. Бул екеўи де ғәлле садақасы
ушын зәйтүн майы менен аралас-
тырылған сапалы унға толы еди.
32 Түтетки толтырылған 10 шекел
аўырлығындағы бир алтын тоста-
ған, 33 жандырылатуғын қурбан-
лық ушын бир буға, бир қошқар

ҳәм бир жасар еркек тоқлы. 34 Гүна
қурбанлығы ушын бир теке, 35 та-
тыўлық қурбанлығы ушын еки бу-
ға, бес қошқар, бес теке ҳәм ҳәр
бири бир жасардан болған бес ер-
кек тоқлы. Шедеур улы Элисурдың
алып келген сыйлары усылар еди.
36 Бесинши күни Шимон урыўы-
ның көсеми Сурищаддай улы Ше-
лумиел сыйларын усынды. 37 Оның
алып келген сыйлары мыналардан
ибарат еди: Мухаддес орын өлше-
ми менен 130 шекел аўырлығын-
дағы бир гүмис жалпақ табақ, 70
шекел аўырлығындағы бир гүмис
қырма. Бул екеўи де ғәлле садақа-
сы ушын зәйтүн майы менен ара-
ластырылған сапалы унға толы
еди. 38 Түтетки толтырылған 10
шекел аўырлығындағы бир алтын
тостаған, 39 жандырылатуғын қур-
банлық ушын бир буға, бир қош-
қар ҳәм бир жасар еркек тоқлы.
40 Гүна қурбанлығы ушын бир те-
ке, 41 татыўлық қурбанлығы ушын
еки буға, бес қошқар, бес теке ҳәм
ҳәр бири бир жасардан болған бес
еркек тоқлы. Сурищаддай улы Ше-
лумиелдиң алып келген сыйлары
усылар еди.
42 Алтыншы күни Гад урыўының
көсеми Деўел улы Элясаф сыйла-
рын алып келди. 43 Оның алып кел-
ген сыйлары мыналардан ибарат
еди: Мухаддес орын өлшеми ме-
нен 130 шекел аўырлығындағы
бир гүмис жалпақ табақ, 70 ше-
кел аўырлығындағы бир гүмис
қырма. Бул екеўи де ғәлле сада-
қасы ушын зәйтүн майы араласт-
ырылған сапалы унға толы еди.
44 Түтетки толтырылған 10 ше-
кел аўырлығындағы бир алтын
тостаған, 45 жандырылатуғын қур-
банлық ушын бир буға, бир қош-
қар ҳәм бир жасар еркек тоқлы.
46 Гүна қурбанлығы ушын бир те-
ке, 47 татыўлық қурбанлығы ушын
еки буға, бес қошқар, бес теке ҳәм
ҳәр бири бир жасардан болған бес
еркек тоқлы. Деўел улы Элясафтың
алып келген сыйлары усылар еди.
48 Жетинши күни Эфрайым уры-
ўының көсеми Аммиҳуд улы Эли-
шама сыйларын усынды. 49 Оның
алып келген сыйлары мыналардан
ибарат еди: Мухаддес орын өлше-
ми менен 130 шекел аўырлығын-
дағы бир гүмис жалпақ табақ, 70
шекел аўырлығындағы бир гүмис
қырма. Бул екеўи де ғәлле садақа-
сы ушын зәйтүн майы менен ара-
ластырылған сапалы унға толы еди.
50 Түтетки толтырылған 10 шекел
аўырлығындағы бир алтын тоста-
ған, 51 жандырылатуғын қурбанлық
ушын бир буға, бир қошқар ҳәм бир
жасар еркек тоқлы. 52 Гүна қурбан-
лығы ушын бир теке, 53 татыўлық
қурбанлығы ушын еки буға, бес
қошқар, бес теке ҳәм ҳәр бири бир
жасардан болған бес еркек тоқлы.
Аммиҳуд улы Элишаманың алып
келген сыйлары усылар еди.
54 Сегизинши күни Менашше
урыўының көсеми Педасур улы Га-
малиел сыйларын усынды. 55 Оның
алып келген сыйлары мыналардан
ибарат еди: Мухаддес орын өлшеми
менен 130 шекел аўырлығындағы
бир гүмис жалпақ табақ, 70 шекел
аўырлығындағы бир гүмис қырма.
Бул екеўи де ғәлле садақасы ушын
зәйтүн майы араластырылған сапа-
лы унға толы еди. 56 Түтетки толты-
рылған 10 шекел аўырлығындағы

бир алтын тостаған, 57 жандыры-
латуғын қурбанлық ушын бир бу-
ға, бир қошқар ҳәм бир жасар еркек
тоқлы. 58 Гүна қурбанлығы ушын
бир теке, 59 татыўлық қурбанлығы
ушын еки буға, бес қошқар, бес теке
ҳәм ҳәр бири бир жасардан болған
бес еркек тоқлы. Педасур улы Га-
малиелдиң алып келген сыйлары
усылар еди.

60 Тоғызыншы күни Бенямин
урыўының көсеми Гидоний улы
Абидан сыйларын усынды. 61 Оның
алып келген сыйлары мыналардан
ибарат еди: Мухаддес орын өлше-
ми менен 130 шекел аўырлығын-
дағы бир гүмис жалпақ табақ, 70
шекел аўырлығындағы бир гүмис
қырма. Бул екеўи де ғәлле садақа-
сы ушын зәйтүн майы менен ара-
ластырылған сапалы унға толы еди.
62 Түтетки толтырылған 10 шекел
аўырлығындағы бир алтын тоста-
ған, 63 жандырылатуғын қурбанлық
ушын бир буға, бир қошқар ҳәм бир
жасар еркек тоқлы. 64 Гүна қурбан-
лығы ушын бир теке, 65 татыўлық
қурбанлығы ушын еки буға, бес
қошқар, бес теке ҳәм ҳәр бири бир
жасардан болған бес еркек тоқлы.
Гидоний улы Абиданның алып кел-
ген сыйлары усылар еди.

66 Онеыншы күни Дан урыўының
көсеми Аммишаддай улы Ахиезер
сыйларын усынды. 67 Оның алып
келген сыйлары мыналардан иба-
рат еди: Мухаддес орын өлшеми
менен 130 шекел аўырлығындағы
бир гүмис жалпақ табақ, 70 ше-
кел аўырлығындағы бир гүмис
қырма. Бул екеўи де ғәлле сада-
қасы ушын зәйтүн майы арalас-
тырылған сапалы унға толы еди.
68 Түтетки толтырылған 10 шекел
аўырлығындағы бир алтын тоста-
ған, 69 жандырылатуғын қурбан-
лық ушын бир буға, бир қошқар
ҳәм бир жасар еркек тоқлы. 70 Гү-
на қурбанлығы ушын бир теке,
71 татыўлық қурбанлығы ушын
еки буға, бес қошқар, бес теке ҳәм
ҳәр бири бир жасардан болған бес
еркек тоқлы. Аммишаддай улы
Ахиезердиң алып келген сыйла-
ры усылар еди.

72 Он биринши күни Ашер уры-
ўының көсеми Охран улы Пагиел
сыйларын усынды. 73 Оның алып
келген сыйлары мыналардан иба-
рат еди: Мухаддес орын өлшеми
менен 130 шекел аўырлығындағы
бир гүмис жалпақ табақ, 70 ше-
кел аўырлығындағы бир гүмис
қырма. Бул екеўи де ғәлле сада-
қасы ушын зәйтүн майы арalас-
тырылған сапалы унға толы еди.
74 Түтетки толтырылған 10 шекел
аўырлығындағы бир алтын тоста-
ған, 75 жандырылатуғын қурбан-
лық ушын бир буға, бир қошқар
ҳәм бир жасар еркек тоқлы. 76 Гүна
қурбанлығы ушын бир теке, 77 та-
тыўлық қурбанлығы ушын еки бу-
ға, бес қошқар, бес теке ҳәм ҳәр
бири бир жасардан болған бес ер-
кек тоқлы. Охран улы Пагиелдиң
алып келген сыйлары усылар еди.

78 Он екинши күни Нафталий
урыўының көсеми Энан улы Ахи-
ра сыйларын усынды. 79 Оның
алып келген сыйлары мыналар-
дан ибарат еди: Мухаддес орын
өлшеми менен 130 шекел аўыр-
лығындағы бир гүмис жалпақ та-
бақ, 70 шекел аўырлығындағы бир
гүмис қырма. Бул екеўи де ғәлле

садақасы ушын зәйтүн майы ара-
ластырылған сапалы унға толы
еди. 80 Түтетки толтырылған 10
шекел аўырлығындағы бир алтын
тостаған, 81 жандырылатуғын қур-
банлық ушын бир буға, бир қош-
қар ҳәм бир жасар еркек тоқлы.
82 Гүна қурбанлығы ушын бир те-
ке, 83 татыўлық қурбанлығы ушын
еки буға, бес қошқар, бес теке ҳәм
ҳәр бири бир жасардан болған бес
еркек тоқлы. Энан улы Ахираның
алып келген сыйлары усылар еди.
84 Солай етип, қурбанлық орын
майланған ўақытта, Израил көсем-
лериниң орынды бағышлаў ушын
алып келген сыйлары мыналар еди:
он еки гүмис жалпақ табақ, он еки
гүмис қырма, он еки алтын тоста-
ған. 85 Ҳәр бир гүмис жалпақ табақ-
тың аўырлығы 130 шекелден, ҳәр
бир қырманың аўырлығы 70 ше-
келден еди. Мухаддес орын өлшеми
менен гүмис ыдыслардың барлы-
ғының аўырлығы 2400 шекел бол-
ды. 86 Түтетки толтырылған он еки
алтын тостағанның ҳәр бириниң
аўырлығы Мухаддес орын өлше-
минде 10 шекел еди. Барлық ал-
тын тостағанлардың аўырлығы 120
шекел болды. 87 Жандырылатуғын
қурбанлық ушын ғәлле садақасы
менен бирге усынылған ҳайўан-
лардың саны он еки буға, он еки
қошқар ҳәм бир жасардан болған он
еки еркек тоқлы, гүна қурбанлығы
ушын да он еки теке. 88 Татыўлық
қурбанлығы ушын усынылған ҳай-
ўанлардың саны жигирма төрт буға,
алпыс қошқар, алпыс теке ҳәм ҳәр
бири бир жасардан болған алпыс
еркек тоқлы еди. Қурбанлық орын
майланғаннан соң, орынның ба-
ғышланыўы ушын берилген сый-
лар усылар еди.
89 Муўса Жаратқан Ийе менен
сөйлесиў ушын Ушырасыў ша-
тырына киргенде, Келисим сан-
дығының қақпағының үстиндеги
еки керуб[a] мүсини арасынан өзине
сөйлеген даўысты еситетуғын еди.
Жаратқан Ийе Муўса менен усы тә-
ризде сөйлесетуғын еди.

### Шыралардың орнатылыўы

**8** 1 Жаратқан Ийе Муўсаға бы-
лай деди:
2 – Харонға айт, ол жети шыра-
ны шыра қойғышқа орнатқанда,
шыра қойғыштың алдынғы тәре-
пине жақтылық түсип туратуғын
қылып орнатсын.
3 Харон айтылғандай етип ис-
леди. Жаратқан Ийениң Муўсаға
буйырғанындай, шыраларды шы-
ра қойғыштың алдынғы тәрепине
жақты түсетуғын қылып орналас-
тырды. 4 Шыра қойғыш Жаратқан
Ийениң Муўсаға көрсеткен үлгиси
бойынша, ултанынан баслап, гүл-
лерине дейин алтыннан шөккиш-
леп исленген еди.

### Лебийлилердиң бағышланып, хызметке қойылыўы

5 Жаратқан Ийе Муўсаға былай
деди:
6 – Лебийлилерди Израил хал-
қының арасынан айырып алып,
оларды пәклеў рәсиминен өт-
киз. 7 Оларды пәклеў ушын бы-
лай ислейсең: пәклейтуғын суўды

---

a **7:89** *Керуб* – қанатлы руўхый барлық.

олардың үстине серп. Олар шашла-
ры менен барлық жүнлерин қырып
тасласын ҳәм кийимлерин жуў-
сын. Усылайынша, олар пәк бола-
ды. [8] Кейин олар бир буға менен
ғәлле садақасы ушын зәйтүн майы
араластырылған сапалы ун алып
келсин. Гүна қурбанлығы ушын
сен де басқа бир буға алып кел. [9] Ле-
бийлилерди Ушырасыў шатыры-
ның алдына алып келип, барлық
Израил жәмийетин жыйна. [10] Ле-
бийлилерди Жаратқан Ийениң,
яғный Мениң алдыма әкелгениң-
де, израиллылар олардың үсти-
не қолларын қойсын. [11] Жаратқан
Ийеге хызмет етиўи ушын, Харон
израиллылардың арасынан лебий-
лилерди садақа сыпатында Маған
бағышласын.

[12] Лебийлилер қолларын буғалар-
дың басына қойсын ҳәм олардың
гүналарынан пәклениўи ушын, бу-
ғалардың биреўи гүна қурбанлығы
ушын, екиншиси жандырылатуғын
қурбанлық ушын Жаратқан Ийеге
усынылсын. [13] Лебийлилерди Ха-
рон ҳәм оның улларының алдында
турғыз. Оларды садақа сыпатында
Жаратқан Ийеге, Маған бағышла.
[14] Лебийлилерди басқа израиллы-
лардың арасынан усы тәризде бө-
лип ал. Лебийлилер Маған тийисли
болады.

[15] Сен лебийлилерди пәклеп, са-
дақа сыпатында бағышлағаннан
соң, олар Ушырасыў шатырында-
ғы хызметин баслаўына болады.
[16] Израиллылар арасында лебий-
лилер толығы менен Маған ти-
йисли. Себеби қарыннан биринши
шыққан барлық уллардың орны-
на оларды Өзиме таңлап алдым.
[17] Израил халқының арасында-
ғы барлық биринши туўылғанлар
адам болсын, ҳайўан болсын – олар
Меники. Өйткени Мен Мысырда
биринши туўылғанларды жоқ қыл-
ған күни, оларды Өзиме айырып
алдым. [18] Солай етип, Израил хал-
қында барлық биринши туўылған
уллардың орнына лебийлилерди
таңладым. [19] Израиллылар Му-
ҳаддес орынға жақынласып, бәле-
ге дуўшар болмаўы ушын, олардың
орнына Ушырасыў шатырындағы
хызметти ислеп, израиллылардың
гүналарын пәклеў ушын, лебийли-
лерди Харон ҳәм оның улларының
қолларына тапсырдым.

[20] Муўса, Харон ҳәм пүткил Из-
раил жәмийети Жаратқан Ийениң
лебийлилерге байланыслы Муўсаға
берген ҳәр бир буйрығын толығы
менен орынлады. [21] Лебийлилер өз-
лерин пәклеп, кийимлерин жуўды.
Харон оларды Жаратқан Ийениң
алдында арнаўлы түрде бағыш-
лады ҳәм оларды тазалаў ушын,
гүналарынан пәкледи. [22] Буннан
соң, лебийлилер Харон ҳәм оның
улларының қол астында Ушыра-
сыў шатырындағы өзлерине тийис-
ли хызметлерин орынлаўға келди.
Солай етип, Жаратқан Ийе лебий-
лилерге тийисли Муўсаға қандай
буйрық берген болса, Израил хал-
қы сол буйрықларды орынлады.

[23] Жаратқан Ийе Муўсаға бы-
лай деди:

[24] – Лебийлилерге тийисли қа-
ғыйда мынадай: Жигирма бес ҳәм
оннан жоқары жастағылар Ушыра-
сыў шатырындағы хызметин басла-
сын. [25] Ал елиў жасқа келгенде, сол
хызметинен босап, буннан кейин

хызметте болмасын. [26] Хызметтен
босаған лебийлилер Ушырасыў
шатырында хызмет етип атырған
туўысқанларына жәрдем бериўи-
не болады, бирақ өзлери артық
хызмет ислемесин. Лебийлилер-
диң ўазыйпаларын усылайынша
белгилеп бер.

## Қутқарылыў байрамына байланыслы нызамлар

9 [1] Израиллылар Мысырдан шық-
қаннан кейинги екинши жыл-
дың биринши айында Жаратқан Ийе
Синай шөлинде Муўсаға былай деди:
[2] – Израиллылар Қутқарылыў
байрамын белгиленген ўақытта
байрамласын. [3] Барлық нызам ҳәм
қағыйдаларға әмел қылып, қур-
банлықты белгиленген ўақытта,
усы айдың он төртинши күни кеш-
те шалсын.
[4] Солай етип, Муўса израиллы-
ларға Қутқарылыў байрамын бел-
гилеўди буйырды. [5] Олар Синай
шөлинде биринши айдың он төр-
тинши күни кеште Қутқарылыў
байрамын белгиледи. Олар ҳәр бир
нәрсени Жаратқан Ийениң Муўса-
ға буйырғанындай етип орынлады.
[6] Ал өлиге бир жерин тийгизип,
ҳарам саналған базы адамлар сол
күни Қутқарылыў байрамында
қатнаса алмады. Сол күни олар
Муўса менен Харонның алдына
келип, [7] Муўсаға былай деди:
– Өлиге жантасқанымыз ушын
ҳарам саналамыз. Бирақ белги-
ленген ўақытта басқа израиллы-
лар менен бирге Жаратқан Ийеге
арналған қурбанлықты не ушын
усына алмаймыз?
[8] Муўса:
– Күтиң, Жаратқан Ийениң сизлер
туўралы маған не буйыратуғынын
тыңлап көрейин, – деди.
[9] Жаратқан Ийе Муўсаға былай
деди:
[10] – Израиллыларға былай деп
айт: «Араңызда бириңиз ямаса
әўладыңыздан биреўи өлиге бир
жерин тийгизгени ушын ҳарам са-
налса ямаса биреўи узақ сапарға
кетсе, ондай адам Жаратқан Ийеге
арналған Қутқарылыў байрамын
нышанлаўына болады. [11] Бундай
адамлар екинши айдың он төр-
тинши күни кеште Қутқарылыў
қурбанлығын шалып, оны ашыт-
қысыз нан ҳәм ашшы шөплер менен
жесин. [12] Таңға дейин қурбанлық-
тың гөшинен бир түйир де қалма-
сын, сүйеклери сындырылмасын.
Қутқарылыў байрамын барлық қа-
ғыйдалар бойынша белгилеўиңиз
тийис. [13] Бирақ пәк саналған ҳәм
узақ сапарда болмаған адам Қут-
қарылыў байрамына қатнасыўдан
бас тартса, ол белгиленген ўақытта
Жаратқан Ийеге арнап қурбанлық
бермегени ушын халқының арасы-
нан жоқ қылынсын. Солай етип, ол
өз гүнасының жазасын тартады.
[14] Араңызда жасап атырған кел-
гинди бир адам Жаратқан Ийеге
арналған Қутқарылыў байрамы-
на қатнасыўды қәлесе, ол байрам-
ның нызам ҳәм қағыйдаларына
әмел қылсын. Жергиликли болсын,
келгинди болсын, ҳәмме ушын усы
нызамды қолланыўыңыз тийис».

## Мухаддес шатыр үстиндеги булт

[15] Мухаддес шатыр, яғный буй-
рықлар қойылған шатыр тикленген

күни оның үстин булт қаплады.
Мухаддес шатырды қаплаған булт
кештен азанға дейин от сыяқлы бо-
лып тұратуғын еди. 16 Бул аўҳал ҳәр
күни даўам етти. Мухаддес шатыр-
ды қаплаған булт түнде от сыяқлы
болып тұратуғын еди.
17 Булт шатырдан жоқары кө-
терилгенде, израиллылар жолға
шығатуғын еди. Булт қай жерде
тоқтаса, олар сол жерде тоқтайту-
ғын еди. 18 Израил халқы Жаратқан
Ийениң буйрығы бойынша жолға
шығып, Оның буйрығы бойынша
тоқтап, шатырларын тигетуғын
еди. Булт Мухаддес шатырды қап-
лап турған ўақытта, олар да сол
жерде туратуғын еди. 19 Булт Му-
хаддес шатырды узақ ўақыт қаплап
турғанда, Израил халқы Жаратқан
Ийениң буйрығына әмел қылып,
жолға шықпайтуғын еди. 20 Ба-
зыда булт Мухаддес шатырды аз-
ғантай күн қаплап туратуғын еди.
Халық та Жаратқан Ийениң буй-
рығы бойынша, я қоныс басқан
жерде қалатуғын, ямаса көшетуғын
еди. 21 Базы ўақытлары булт тек
ғана кештен азанға дейин турып,
азанда Мухаддес шатырдан көте-
рилетуғын еди. Сонда халық жол-
ға шығатуғын еди. Түнде болсын,
күндиз болсын, булт шатырдан кө-
терилиўден, халық жолға шығату-
ғын еди. 22 Булт Мухаддес шатырды
еки күн, бир ай ямаса узақ ўақыт
қаплап турса да, израиллылар қо-
ныс басқан жеринде қалып, жол-
ға шықпайтуғын еди. Бирақ булт
жоқары көтерилиўден, олар жолға
шығатуғын еди. 23 Олар Жаратқан
Ийениң буйрығы бойынша қоныс
басатуғын ямаса жолға шығатуғын
еди. Усылай етип, олар Жаратқан
Ийениң Муўса арқалы берген буй-
рығына әмел қылды.

## Гүмис кәрнайлар

# 10

1 Жаратқан Ийе Муўсаға
былай деди:
2 – Гүмистен еки кәрнайды шөк-
кишлеп соқтыр, буларды жәми-
йетти жыйнаў ушын ҳәм ҳәр бир
орданың жолға шығыўы ушын қол-
ланасаң. 3 Еки кәрнай бирге шер-
тилген ўақытта, барлық жәмийет
сениң қасыңа, Ушырасыў шаты-
рының алдына жыйналсын. 4 Тек
ғана бир кәрнай шертилсе, онда
көсемлер, яғный Израилдың тий-
ре басшылары сениң жаныңа жый-
налсын. 5 Кәрнай қысқа-қысқа етип
шертилген ўақытта, шығыс тәреп-
те қоныс басқанлар жолға шықсын.
6 Екинши мәрте қысқа-қысқа етип
шертилген ўақытта, қубла тәреп-
те қоныс басқанлар жолға шық-
сын. Кәрнайдың қысқа-қысқа етип
шертилиўи урыўлардың жолға шы-
ғыўы кереклигин билдиреди. 7 Жә-
мийетти жыйнаў ушын кәрнайды
узақ ўақыт әпиўайы даўыс пенен
шерттир. 8 Кәрнайларды Харон-
ның руўханий уллары шертсин.
Бул сизлер ҳәм келешек әўладла-
рыңыз ушын мәңги қағыйда бо-
лып қалсын.
9 Үлкеңизде сизлерге ҳүжим
қылған душпанға қарсы саўашқа
шыққаныңызда, кәрнай шертип,
белги бериң. Сонда Қудайы-
ңыз Жаратқан Ийе болған Мен
сизлерди еслеп, душпанлары-
ңыздан қутқараман. 10 Шадлы
күнлериңизде – байрамларыңыз-
да, Жаңа ай байрамларыңызда,

жандырылатуғын қурбанлықлар
ҳәм татыўлық қурбанлықлар бер-
гениңизде кәрнай шертиң. Усылай
етип, Қудайыңыз болған Мен сиз-
лерди еслеймен. Мен – Қудайыңыз
Жаратқан Ийемен.

### Израиллылардың Синайдан кетиўи

11 Израил халқы Мысырдан шық-
қаннан кейин екинши жылдың
екинши айының жигирмаланшы
күни булт буйрықлар қойылған ша-
тырдан жоқары көтерилди. 12 Сон-
да израиллылар да Синай шөлинен
жолға шығып, булт Паран шөлинде
тоқтағанша көшип-қонып жүрди.
13 Олар Жаратқан Ийениң Мууса
арқалы берген буйрығы бойын-
ша жолға биринши мәрте шықты.
14 Олар ҳәр сапары жолға шық-
қанда, ҳәр бир орда өз байрағы ас-
тында бир тәртипте жүретуғын еди.
Биринши болып, Амминадаб улы
Нахшон басшылығындағы Яҳуда
ордасы бөлимлери менен бирге өз
ордасының байрағы астында көш-
ти баслап жүрди. 15 Иссахар уры-
ўы бөлимине Суар улы Нетанел,
16 Зебулон урыўы бөлимине Хелон
улы Элиаб басшылық қылатуғын
еди. 17 Соннан кейин, Мухаддес
шатыр жыйнастырылып, оны кө-
терип, алып жүретуғын Гершон ур-
пағы менен Мерарий урпағы жолға
шықты.
18 Олардан соң Шедеур улы Эли-
сур басшылығындағы Рубен ор-
дасы бөлимлери менен бирге өз
ордасының байрағы астында жолға
шықты. 19 Шимон урыўы бөлимине
Суришаддай улы Шелумиел, 20 Гад
урыўы бөлимине Деўел улы Элясаф
басшылық қылатуғын еди. 21 Он-
нан кейин Қоҳат урпағы мухаддес
буйымларды көтерип, жолға шық-
ты. Олар белгиленген жерге жетип
бараман дегенше, Мухаддес шатыр
қурылып болыныўы тийис еди.
22 Аммиҳуд улы Элишама бас-
шылығындағы Эфрайым ордасы
бөлимлери менен бирге өз ордасы-
ның байрағы астында жолға шық-
ты. 23 Менашше урыўы бөлимине
Педасур улы Гамалиел, 24 Беня-
мин урыўы бөлимине Гидоний улы
Абидан басшылық қылатуғын еди.
25 Көштиң ең ақырында Амми-
шаддай улы Ахиезер басшылы-
ғындағы Дан ордасы бөлимлери
менен бирге өз ордасының байрағы
астында жолға шықты. Олар Изра-
ил ордаларының артқы сақшыла-
ры еди. 26 Ашер урыўы бөлимине
Охран улы Пагиел, 27 Нафталий
урыўы бөлимине Энан улы Ахира
басшылық қылатуғын еди. 28 Из-
раиллылар бөлимлерге бөлинип,
усы тәртипте жолға шығатуғын еди.
29 Мууса мидянлы қәйин атасы
Реуелдиң[a] баласы Хобабқа былай
деди:
– Жаратқан Ийениң: «Сизлерге
беремен», – деген жерине бара-
тырмыз. Сиз де бизлер менен бирге
барың, сизге жақсы қатнаста бола-
мыз. Өйткени Жаратқан Ийе Изра-
илға жақсылық етиўди ўәде қылды.
30 Хобаб оған:
– Яқ, бармайман. Өз елиме, аға-
йин-туўғанларымның жанына қай-
таман, – деп жуўап берди.

---

a **10:29** *Реуел* – Итроның басқа аты. Шығ 3:1 қараң.

31 Муўса оған былай деди:
– Илтимас, бизлерди таслап кет-
пең. Себеби сиз шөлде қонныслай-
туғын жерлерди билесиз. Бизлерге
жол көрсетесиз. 32 Егер бизлер менен
бирге барсаңыз, Жаратқан Ийениң
ислейтуғын барлық жақсылықла-
рын сиз бенен де бөлисемиз.
33 Израиллылар Жаратқан Ийе-
ниң таўынан шығып, үш күнлик
жол жүрди. Қонныслайтуғын жер-
ди табыў ушын Жаратқан Ийениң
Келисим сандығы олардың алдын-
да жүрип барды. 34 Қоныс басқан
жерден жолға шыққанда, Жаратқан
Ийениң булты күн бойы олардың
үстинде болды.
35 Келисим сандығы жолға шық-
қанда, Муўса былай деп айтату-
ғын еди:

«Тур, Жаратқан Ийе!
Тарқалып кетсин душпанларың,
Сени жек көргенлер алдыңнан
қашып кетсин!»

36 Келисим сандығы тоқтағанда бол-
са, Муўса былай деп айтатуғын еди:

«Қайт, мың-мыңлаған Израил
халқының Жаратқан
Ийеси!»

### Халықтың налыўы

11 1 Сол ўақытлары халық қатты
налый баслады. Жаратқан
Ийе буны еситип, ғәзепленди ҳәм
оларға от жиберип, орданың шет-
лерин жағып жоқ қылып жиберди.
2 Сонда халық Муўсаға жалбарынды.
Муўса Жаратқан Ийеге дуўа еткен-
де, от сөнди. 3 Жаратқан Ийениң
жиберген оты олардың арасында
жанғаны ушын, сол жер Табера[a] деп
аталды.
4 Израил халқының арасында-
ғы басқа миллетлерден топланған
тәртипсиз адамлар нәпсиқаўлыққа
бериле баслады. Израиллылар да
оларға қосылып, былай деп зар-
лай баслады: «Қәне енди, жеўге
гөш болғанда ма еди! 5 Мысырда
тегинге жеген балық, қыяр, ғар-
быз, көк пияз, домалақ пияз ҳәм
сарымсақлар еле ядымызда. 6 Ен-
ди болса, диңкемиз қурыған. Мы-
на маннадан[b] басқа жейтуғын ҳеш
нәрсе көргенимиз жоқ».
7 Манна кинза туқымындай бо-
лып, реңи ақшыл сары еди. 8 Ха-
лық далаға шығып, оны жыйнап
алатуғын еди ҳәм оны дигирман-
ға тартып ямаса келиге түйетуғын
еди. Оны қазанда қайнатып, нан
писиретуғын еди. Бунның дәми зәй-
түн майы қосылған нанға уқсас еди.
9 Түнде ордаға шық түскенде, ман-
на да бирге жаўатуғын еди.
10 Муўса халықтың, ҳәр бир тий-
редеги адамлардың өз шатырла-
рының алдында турып, дад салып
атырғанын еситти. Жаратқан Ийе
буған қатты ғәзепленди. Муўса да
буған қапа болған еди. 11 Сонда
Муўса Жаратқан Ийеге былай деди:
– Қулыңа не ушын бундай жаман-
лықты раўа көрдиң? Не ушын Өз
мийриминди меннен аяп, бул ха-
лықтың жүгин маған жүкледиң?
12 Усы халықтың ҳәммесине жүкли

---

[a] **11:3** *Табера* – «жандырылыў» дегенди билдиреди.
[b] **11:6** Шығ 16:31.

болған мен бе едим? Оларды мен
туўған ба едим? Болмаса, не се-
бептен Сен маған: «Бала бағыў-
шының емизиўли баланы алып
жүргениндей, оларды ата-бабала-
рына беремен деп ант ишкен жерге
қолларында көтерип алып бар», –
деп айтып атырсаң? 13 Бул халық
маған: «Бизлерге жейтуғын гөш
бер», – деп қоймай атыр. Олар-
дың барлығына беретуғын гөшти
қай жерден аламан? 14 Бул халық-
тың барлығын бир өзим жетелеп
алып жүре алмайман, себеби олар
мен ушын аўыр жүк болады. 15 Егер
маған усылай ислемекши болсаң,
онда мени өлтир. Егер де Сениң
мийримиңе ерискен болсам, онда
басыма түскен бул аўырманлық-
ты көрмейин.

### Жетпис ақсақалдың таңланыўы

16 Жаратқан Ийе Муўсаға бы-
лай деди:
– Маған Израил ақсақалларынан
жетпис адамды жыйнап бер. Олар
өзиң басшы ҳәм қадағалаўшы деп
тән алғанларыңнан болсын. Олар-
ды Ушырасыў шатырына алып ке-
лип, өзиңниң қасыңа турғыз. 17 Мен
төмен түсип, сениң менен сөйле-
семен. Сениң үстиңдеги Руўхтан
алып, оларға да беремен. Халық-
тың жүгин тек ғана сен көтермеўиң
ушын, олар саған жәрдем береди.
18 Халыққа былай деп айт: «Ер-
теңги күн ушын өзлериңизди пәк-
лең, гөш жейсизлер. Сизлердиң:
„Қәне енди, жеўге гөш болғанда ма
еди, Мысырда болған ўақтымызда
жақсы еди“, – деп налып, дад сал-
ғаныңызды Жаратқан Ийе еситти.
Енди гөш жеўиңиз ушын, Жаратқан
Ийе сизлерге гөш береди. 19 Гөшти
тек ғана бир күн, еки күн, бес күн,
он күн ямаса жигирма күн емес,
20 ал бир ай даўамында алқымы-
ңызға келгенше, кеўлиңиз айны-
ғанша жейсизлер. Себеби сизлер
араңызда болып атырған Жаратқан
Ийеден жүз бурдыңлар. Оның ал-
дында Мысырдан не ушын шығып
кеттик, деп налып, жыладыңлар».
21 Сонда Муўса:
– Қасымдағы бул халық алты жүз
мың ер адамнан ибарат. Ал Сен:
«Бул халыққа бир ай даўамында
жеўи ушын гөш беремен», – деп
атырсаң. 22 Барлық қой-ешки, сы-
йырлар сойылса да, теңиздеги бар-
лық балықлар аўланса да, оларға
жетер ме екен? – деди.
23 Жаратқан Ийе оған:
– Мениң қолым келте ме? Саған
айтқанларым орынланатуғынын
ямаса орынланбайтуғынын өз кө-
зиң менен көресең, – деди.
24 Соннан кейин, Муўса сыртқа
шығып, Жаратқан Ийениң өзи-
не айтқанларын халыққа жеткер-
ди. Халықтың жетпис ақсақалын
жыйнап, Мухаддес шатырдың дө-
герегине жайластырды. 25 Сонда
Жаратқан Ийе булт ишинде түсип,
Муўса менен сөйлести ҳәм Муўса-
ның үстиндеги Руўхтан алып, жет-
пис ақсақалға берди. Олар Руўхты
алған ўақытта, өзгеше аўҳалға түс-
ти. Бирақ буннан соң, бул жағдай
басқа тәкирарланбады.
26 Сайланған жетпис ақсақалдың
ишинде болған Элдад пенен Медад
деген еки адам ордада қалып, Му-
хаддес шатырға келмей қалған еди.
Бирақ Руўх олардың үстине түсип

келип, олар да ордада өзгеше аў-
ҳалға түсе баслаған еди. 27 Буны
көрген бир жас бала Муўсаға жу-
ўырып келип: «Элдад пенен Медад
ордада өзгеше аўҳалға түсип қал-
ды», – деп хабар жеткерди.
28 Жас ўақтынан Муўсаға жәр-
демши болып киятырған Нун улы
Ешуа:
– Мырзам Муўса, оларды тыйып
қой! – деди.
29 Бирақ Муўса:
– Сен мениң ушын қызғанып
атырсаң ба? Қәне енди, Жаратқан
Ийениң пүткил халқы пайғамбар
болса, Жаратқан Ийе олардың үс-
тине Өз Руўхын жиберсе еди! –
деди. 30 Соннан соң, Муўса менен
Израилдың ақсақаллары ордаға
қайтып келди.

### Жаратқан Ийениң бөденелерди жибериўи

31 Жаратқан Ийе даўыл жиберди.
Даўыл теңиз тәрептен бөденелерди
ушырып әкелип, орданың ҳәр тә-
репине үйип таслады. Бөденелер
ордадан бир күнлик жол узақлық-
қа дейин, жерден еки шығанақ би-
йикликке түсип, ушып жүрген еди.
32 Сол күни халық күни менен, тү-
ни менен ҳәм ертеңине кешке де-
йин бөдене жыйнады. Олардың
ҳеш бири он хомерден[a] аз жыйна-
мады. Бөденелерди кептириў ушын,
оларды шатырларының дөгереги-
не жайып қойды. 33 Бирақ халық
гөшти еле аўзына алып, жеўге үл-
гермей-ақ, Жаратқан Ийе ғәзепле-
нип, оларды күшли бир оба менен
жазалады. 34 Сонлықтан сол жер-
ге Киброт-Ҳаттааўа[b] аты берилди.
Өйткени ол жерде нәпсин тыя ал-
маған адамлар жерленген еди.
35 Халық Киброт-Ҳаттааўадан
Хасеротқа көшип, сол жерде қалды.

### Мәриям менен Харонның жазаланыўы

12 1 Муўса Хабаштаннан бол-
ған ҳаялға үйленгени ушын,
Мәриям менен Харон оған қарсы
сөйледи. 2 Олар: «Жаратқан Ийе
тек ғана Муўса арқалы сөйлеген бе
еди? Ол бизлер арқалы да сөйле-
ген жоқ па еди?» – деди. Жаратқан
Ийе олардың бул сөзлерин еситти.
3 Муўса жер жүзинде жасайту-
ғын барлық адамлардың ишинде
ең кишипейил адам еди.
4 Жаратқан Ийе күтилмегенде
Муўса, Харон ҳәм Мәриямға:
– Үшеўиңиз Ушырасыў шатыры-
на барың, – деди. Үшеўи де шатыр-
ға барды. 5 Жаратқан Ийе минара
сыяқлы булт ишинде түсип, ша-
тырдың кирер аўзының алдында
турды ҳәм Харон менен Мәриям-
ды шақырып алды. Олар екеўи ал-
дыға қарай шыққанда, 6 Жаратқан
Ийе оларға былай деди:
– Мениң сөзлериме қулақ салың:

Егер араңызда бир пайғамбар
бар болса,
Мен, Жаратқан Ийе Өзимди
танытаман оған аян
арқалы,
Сөйлесемен оның менен
түсинде.

---

[a] **11:32** *Он хомер* – бир хомер шама менен 220 л.
[b] **11:34** *Киброт-Ҳаттааўа* – «нәпси қәбирлери» дегенди билдиреди.

7 Бирақ қулым Муўса менен
булай сөйлеспеймен,
Пүткил үйимдегилерге
жуўапкер адам – Муўсадур.
8 Оның менен жумбақлы түрде
емес,
Ал жүзбе-жүз сөйлесемен ашық
түрде.
Ол Мениң бийнемди көреди.

Сондай болса да, қулым Муўсаға қарсы сөйлеўден қорқпадыңлар ма?
9 Сонда Жаратқан Ийе оларға ғәзеплениўи менен, ол жерден кетти.
10 Булт Мухаддес шатырдан ке-
тиўден-ақ, Мәриям тери кеселли-
гине шалынып, етлери қар сықлы
түлеп кетти. Харон Мәриямға бу-
рылып қарағанда, оның тери ке-
селлигине шалынғанын көрди.
11 Харон Муўсаға:
– Оҳ, мырзам, өтиниш ақылсыз-
лық қылып, ислеген гүнамыз ушын
жазалама. 12 Мәриям анасының
қарнында-ақ денеси ширип бас-
лаған өли нәрестеге уқсап қалма-
сын, – деди.
13 Муўса Жаратқан Ийеге:
– О, Қудай, Мәриямға шыпа бер! – деп жалбарынды.
14 Жаратқан Ийе Муўсаға:
– Егер оның әкеси жүзине түкир-
генде, ол жети күн даўамында шер-
менде болып қалмас па еди? Оны
жети күн даўамында бөлеклеп, ор-
дадан шығарып жибериң, соннан
кейин изине қайтыўына болады, –
деп жуўап берди. 15 Солай етип,
Мәриям жети күн даўамында бө-
лекленип, ордадан шығарып жибе-
рилди, ол қайтып келгенше, халық
жолға шықпады.

## Қанан жерине жансызлардың жибериллиўи

13 1 Соннан кейин, халық Хасе-
роттан шығып, Паран шөли-
не барып, қоныс басты. 2 Жаратқан
Ийе Муўсаға былай деди:
3 – Мен Израил халқына берип
атырған Қанан жерин көзден өт-
кериў ушын адамлар жибер. Ата-
ларынан тараған ҳәр бир урыўдан
бир басшыдан жибер.
4 Муўса Жаратқан Ийениң буй-
рығы бойынша Паран шөлинен
адамларды жиберди. Булардың
ҳәммеси Израил халқының бас-
шылары еди. 5 Олардың атлары
мынадай еди:
Рубен урыўынан Заккур улы Шаммуа,
6 Шимон урыўынан Хорий улы Шафат,
7 Яҳуда урыўынан Ефунне улы Калеб,
8 Иссахар урыўынан Юсуп улы Игал,
9 Эфрайым урыўынан Нун улы Ҳошеа,
10 Бенямин урыўынан Рафу улы Палтий,
11 Зебулон урыўынан Содий улы Гаддиел,
12 Юсуп урыўынан, яғный Менаш-
ше урыўынан Сусий улы Гаддий,
13 Дан урыўынан Гемаллий улы Аммиел,
14 Ашер урыўынан Михаил улы Сетур,
15 Нафталий урыўынан Ўофсий улы Нахбий,
16 Гад урыўынан Махий улы Геуел.
17 Елди көзден өткериў ушын Муў-
саның жиберген адамлары усылар

еди. Сол ўақытта Муўса Нун улы
Ҳошеаға Ешуа, деп ат берди[a].
18 Муўса оларды Қанан жерин
көзден өткериў ушын жиберип
атырып, оларға былай деди:
– Негеб арқалы жүрип, таўлы жер-
лерге барың. 19 Ол жерлер қандай
екенин, ол жерде жасап атырған
халық күшли ме, ямаса ҳәлсиз
бе, олар көп пе, ямаса аз ба, би-
лип алың. 20 Олардың жасап атыр-
ған жери жақсы ма, ямаса жаман
ба, қалалары қорғансыз ба, ямаса
қорғанлы ма, көриң. 21 Топырағы
өнимдарлы ма, ямаса өнимсиз бе,
дөгереги терекли ме, ямаса жоқ па,
билип келиң. Қолыңыздан келге-
нинше, ол жердиң жетистирген
мийўелеринен алып келиң!

Сол ўақытта жүзим писиги енди
басланып атырған еди.
22 Солай етип, сол адамлар жол-
ға шығып, елди Зин шөлинен бас-
лап, Лебо-Хаматқа жақын болған
Рехобқа дейин көзден өткер-
ди. 23 Олар Негебти кесип өтип,
анақлардың Ахиман, Шешай ҳәм
Талмай деген тийрелери жасап
атырған Хеброн қаласына барды.
Хеброн Мысырдағы Соан қала-
сынан жети жыл алдын қурылған
еди. 24 Жансызлар Эшкол сайына
жетип барғанда, ол жерден бир сол-
қым жүзимди кесип алды. Олардан
екеўи бир қада ағашқа жүзимди
илдирип алып жүрди. Соның ме-
нен бирге, анар ҳәм әнжир мийўе-
син де алды. 25 Израиллылардың
кесип алған жүзим солқымы се-
бепли, сол сай Эшкол[b] деп аталды.
26 Жансызлар қырық күн жерди
аралап шыққаннан кейин излерине
қайтты. 27 Олар Паран шөлиндеги
Қадешке[c], Муўса менен Харонның
ҳәм Израил жәмийетиниң жанына
келди. Оларға ҳәм пүткил жәми-
йетке көрген-билгенлерин айтып,
сол жердиң мийўелерин көрсет-
ти. 28 Олар Муўсаға былай деп ба-
янлады:
– Бизлерди жиберген жерге бар-
дық. Ол жерде шынында да сүт ҳәм
пал ағып турған екен! Мине, мынаў
сол жердиң мийўелеринен! 29 Би-
рақ ол жерде жасап атырған ха-
лық күшли, қалалары да қорғанлы
ҳәм жүдә үлкен екен. Ҳәттеки, ол
жерде Анақ әўладынан шыққан
дәў адамларды да көрдик. 30 Ама-
лек халқы Негебте, хет, ебус ҳәм
амор халықлары таўлы үлкеде, қа-
нан халқы теңиздиң бойында ҳәм
Иордан дәрьясының жағасында
жасайды екен.
31 Калеб Муўсаның алдында ха-
лықты тынышландырып:
– Ол жерге барып, елди қолға кир-
гизейик. Әлбетте, буған жетерли
күшимиз бар, – деди.
32 Деген менен, оның менен бир-
ге барған адамлар:
– Бул халыққа қарсы гүресе ал-
маймыз, олар бизлерден гөре
күшлирек, – деди. 33 Олар өзле-
ри көзден өткерип келген ел ҳақ-
қында израиллылардың арасында

---

a **13:17** *Ҳошеа* – «қутқарады», ал Ешуа – «Жаратқан Ийе қутқарады» деген-ди билдиреди.
b **13:25** *Эшкол* – «солқым» дегенди билдиреди.
c **13:27** *Қадеш* – яғный Қадеш-Барния.

мынадай жаман мыш-мышлар тар-
қатып жүрди:
– Бизлер көзден өткерип келген
ел, ишине мәкан басатуғынларды
жеп питиретуғын ел екен. Сол елде
жасап атырған ҳәр бир адам бой-
шаң ҳәм ири. 34 Дәўлерди, дәўлер-
диң әўладынан болған анақларды
көрдик. Олардың қасында өзлери-
мизди шегиртке сыяқлы сездик,
оларға да сондай болып көриндик.

## Халықтың көтерилис қылыўы

14 1 Сол түни пүткил жәмийет
қатты даўыслап, дад салып
жылады. 2 Пүткил Израил халқы
Муўса менен Харонға наразы бо-
лып, былай деп тоңқылдай басла-
ды: «Буннан гөре, Мысырда ямаса
усы шөлде өлип кеткенимиз жақсы
еди! 3 Жаратқан Ийе не ушын биз-
лерди усы елге алып келди? Биз-
лерди қылыштан өткизиў ушын
ба? Бала-шағаларымыз тутқын
болады. Буның орнына Мысырға
қайтып кеткенимиз бизлер ушын
жақсырақ емес пе?»
4 Соннан кейин, олар бир-бирине:
«Өзлеримизге бир басшы сайлап
алып, Мысырға қайтайық», – дести.
5 Сонда Муўса менен Харон Изра-
ил жәмийетиниң алдында ет бети-
нен жерге жығылды. 6 Елди аралап
қайтқанлардан Нун улы Ешуа ме-
нен Ефунне улы Калеб қайғырып
кийимлерин жыртты да, 7 пүткил
Израил жәмийетине былай деди:
– Бизлер көрип келген ел – жүдә
жақсы жер. 8 Егер Жаратқан Ийе-
ниң бизлерге мийрими түссе, Ол
бизлерди сүт ҳәм пал ағып тур-
ған сол жерге алып барады ҳәм
оны бизлерге береди. 9 Тек ғана
Жаратқан Ийеге қарсы шықпаңлар!
Ол жерде жасап атырған халықтан
қорқпаңлар! Олар бизлерге аңсат
ғана олжа болады. Қорғаўшылары
оларды таслап кетти, ал Жаратқан
Ийе бизлер менен бирге. Олардан
қорқпаңлар!
10 Деген менен, пүткил жәмийет
оларды тас боран қылыўды нийет
қылды. Сонда Жаратқан Ийениң
салтанаты Ушырасыў шатырында
пүткил Израил халқына көринди.

## Муўсаның халық ушын дуўа етиўи

11 Жаратқан Ийе Муўсаға бы-
лай деди:
– Қашанға дейин бул халық Ма-
ған ҳүрметсизлик қылады? Олар-
дың арасында қаншелли кәрамат
көрсеткениме қарамай, қашанға де-
йин Маған исенбей жүреди? 12 Мен
оларды иллет пенен жазалайман,
мийрастан маҳрум қыламан. Ал
сеннен олардан уллырақ ҳәм күш-
лирек бир халық дөретемен.
13 Бирақ Муўса Жаратқан Ийеге
былай деди:
– Онда мысырлылар бул ҳаққын-
да еситеди. Бул халықты Өз кү-
шиң менен олардың арасынан алып
шыққан един. 14 Олар Қанан же-
ринде жасайтуғын халыққа бул
ҳаққында айтады. Жаратқан Ийе,
бул халықтың арасында болып,
олар менен жүзбе-жүз көриске-
ниңнен хабары бар. Сениң бултың
олардың үстинде ҳәмме ўақыт тур-
ғанын, күндиз минара сыяқлы булт
ишинде, түнде минара сыяқлы от
ишинде оларға жол көрсеткениң-
ди биледи. 15-16 Егер бул халықты

бир адам сыяқлы етип өлтирсең, Сен ҳаққында еситкен халықлар: «Жаратқан Ийе ант ишкен бул жерге Өз халқын алып келе алмағаны ушын, оларды шөлде қырып жиберди», – деп айтады.

17 Енди Өз күшиңди көрсет, о, Ийем! Сен Өзиң былай деп айтқан едиң: 18 «Жаратқан Ийе болған Мен сабыр-тақатлыман, сүйиспеншилигим уллы, айып ҳәм жынаятты кеширемен. Бирақ айыплыны жазасыз қалдырмайман, әкесиниң ислеген айыбының жазасын үшинши ҳәм төртинши әўладларынан талап қыламан». 19 Мысырдан шыққаннан баслап, бүгинги күнге дейин бул халықты кеширип келдиң. Енди Өзиңниң уллы сүйиспеншилигиңе сай олардың айыпларын кешире гөр.

20 Жаратқан Ийе оған былай деп жуўап берди:

– Сениң тилегиңе бола оларды кеширемен. 21 Деген менен, мәңги бар болған Мен жер жүзин толтырып турған уллылығым менен ант ишемен: 22 уллылығымды, Мысырда ҳәм шөлде көрсеткен кәраматларымды көрсе де, Мени он мәрте сынаған, сөзиме қулақ аспаған бул адамлардың ҳеш бири 23 Мен ата-бабаларына беремен деп ант ишкен жерди көрмейди. Маған ҳүрметсизлик қылғанлардың ҳеш бири ол жерди көрмейди.

24 Бирақ қулым Калеб басқаларға уқсамайды, ол пүткил жүреги менен Маған ерди. Соның ушын, Мен оны өзи аралап, көзден өткерип қайтқан елге алып бараман. Оның әўлады сол жерди ийелеп алады. 25 Амалек пенен қанан халықлары усы ойпатлықларда жасайды. Соның ушын, сизлер ертең артыңызға қайтып, Қызыл теңизге қарай жүриңлер, шөлге барыңлар.

### Израиллылардың наразылығы ушын жазаланыўы

26 Жаратқан Ийе Муўса менен Харонға былай деди:

27 – Мына жаўыз жәмийет қашанға дейин Маған наразы болып, тоңқылдайды? Маған қарсы сөйлеген Израил халқының налыўын еситтим. 28 Оларға Мениң мына сөзлеримди жеткиз: «Тирилигим ҳақы ант ишемен: айтқан сөзлериңизди сөзсиз өзлериңиздиң басыңызға саламан. 29 Өликлериңиз усы шөлде қалады. Маған наразы болып, тоңқылдағанлардың ҳәммеси – есаптан өткен жигирма ҳәм оннан жоқары жастағылар усы шөлде өледи. 30 Сизлерди қонысландыраман деп ант ишкен елге Ефунне улы Калеб пенен Нун улы Ешуадан басқа ҳеш ким кирмейди. 31 Бирақ сизлердиң тутқын болады, деп айтқан балаларыңызды сол жерге киргиземен. Сизлер бас тартқан сол елди балаларыңыз көретуғын болады. 32 Сизлердиң өликлериңиз болса усы шөлде қалып кетеди. 33 Ҳәммеңиз өлип кетемен дегенше, балаларыңыз шөлде қырық жыл шопанлық қылады ҳәм сизлердиң опасызлығыңыз себепли, олар азап шегеди. 34 Сизлер елди қырық күн даўамында аралап шыққан едиңлер. Енди ҳәр бир күн ушын бир жылдан қырық жыл айыбыңыздың жазасын тартасызлар. Сонда Мениң сизлерден жүз

бурғанымды билип аласызлар!»
35 Мен, Жаратқан Ийе айтқаным-
дай, Маған қарсы жыйналған бул
жаўыз жәмийетке буларды сөзсиз
ислеймен. Олар усы шөлде қыры-
лып, өлип кетеди.
36 Муўсаның елди көзден өтке-
рип қайтыўға жиберген адамлары
қайтып келип, ел ҳаққында жаман
хабар тарқатыўы пүткил жәмийет-
тиң Жаратқан Ийеге наразы болы-
ўына себеп болған еди. 37 Сол ел
ҳаққында жаман хабар таратқан
бул адамлар Жаратқан Ийениң ал-
дында оба кеселлигине шалынып
қайтыс болды. 38 Елди аралаў ушын
кеткен жансызлардан тек ғана Нун
улы Ешуа менен Ефунне улы Калеб
тири қалды.

### Израиллылардың Қананды басып алыўға урыныўы

39 Муўса Жаратқан Ийениң сөз-
лерин пүткил Израил халқына айт-
қанда, халық терең қайғыға батты.
40 Ертеңине азанда олар таўлы үл-
кениң жоқарысына шығып бараты-
рып, былай деди:
– Аўа, бизлер гүна ислегени-
мизди мойынлаймыз. Мине, ен-
ди Жаратқан Ийениң ўәде қылған
жерине барыўға таярмыз.
41 Деген менен, Муўса:
– Не ушын Жаратқан Ийениң буй-
рығына және қарсы шығып атыр-
сызлар? Буның менен ҳеш нәрсеге
ерисе алмайсызлар. 42 Саўашқа
шықпаңлар, өйткени Жаратқан
Ийе сизлер менен бирге емес. Душ-
панларыңыздың алдында жеңи-
лиске ушырайсызлар. 43 Амалек
ҳәм қанан халықлары ол жерде
сизлерге қарсылық көрсетеди ҳәм
сизлерди қылыш жүзинен өтке-
реди. Өйткени Жаратқан Ийениң
изинен жүриўден бас тарттыңлар.
Жаратқан Ийе де сизлер менен бир-
ге болмайды.
44 Солай болса да, израиллылар
өзлериниң айтқанынан қалмай,
таўлы үлкениң жоқарысына шықты.
Жаратқан Ийениң Келисим сан-
дығы менен Муўса ордада қалды.
45 Таўлы үлкеде жасайтуғын ама-
лек пенен қанан халықлары олар-
ға қарсы ҳүжим қылды ҳәм оларды
Хорма қаласына дейин қыйратып,
тас-талқан қылды.

### Қурбанлықларға байланыслы нызамлар

15 1 Жаратқан Ийе Муўсаға
былай деди:
2 – Израил халқына былай деп
айт: «Мәкан етиўиңиз ушын сиз-
лерге беретуғын елге киргениңиз-
де, 3 жандырылатуғын қурбанлық,
ўәде бойынша берилетуғын қур-
банлық, ықтыярлы қурбанлық
ямаса байрамларда усынылату-
ғын қурбанлық етип ири ҳәм майда
малдан Жаратқан Ийеге усының-
лар. Булар – Жаратқан Ийеге хош
ийисли сый болады. 4 Қурбанлық
усынатуғын адам Жаратқан Ийеге
ғәлле садақасы ушын төрттен бир
ҳин[a] зәйтүн майы менен араласты-
рылған оннан бир эфа сапалы ун
да алып келсин. 5 Және де, жанды-
рылатуғын қурбанлық ямаса бас-
қа қурбанлық пенен бирге ҳәр бир
тоқлыға ишимлик садақасы етип

---

a **15:4** *Төрттен бир ҳин* – бир ҳин шама менен 3,7 л.

төрттен бир ҳин шарап та усыны-
ўы тийис.
6 Егер қошқарды қурбанлық етип
берсеңиз, ғәлле садақасы ушын үш-
тен бир ҳин зәйтүн майы араласт-
ырылған оннан еки эфа сапалы
ун 7 ҳәм ишимлик садақасы ушын
үштен бир ҳин шарап усының. Бу-
лар – Жаратқан Ийеге хош ийисли
сый болады.
8 Жаратқан Ийеге жандырыла-
туғын қурбанлық, ўәде бойынша
берилетуғын қурбанлық ямаса та-
тыўлық қурбанлығы ушын бир бу-
ға алып келгениңизде, 9 буға менен
бирге ғәлле садақасы ушын ярым
ҳин зәйтүн майы араластырылған
оннан үш эфа сапалы ун усының.
10 Соның менен бирге, ишимлик
садақасы ушын ярым ҳин шарап
усының. Булар Жаратқан Ийеге
хош ийисли сый болады.
11 Солай етип буға, қошқар, ылақ
ямаса тоқлы қурбанлық қылын-
ғанда, усы садақалар менен қоса
усынылсын. 12 Қанша ҳайўан қур-
банлық қылмақшы болсаңыз да,
олардың ҳәр бири ушын белгилен-
ген муғдарда ғәлле ҳәм ишимлик
садақаларын қосып усыныўыңыз
тийис. 13 Израиллы болған ҳәр бир
адам Жаратқан Ийеге хош ийисли
сый етип, қурбанлық алып кел-
генде, ол усы айтылғанларға әмел
қылыўы тийис. 14 Егер сизлердиң
араңызда ўақтынша жасап атырған
келгинди ямаса узақ ўақыт жасап
атырған жат жерли адам Жаратқан
Ийеге хош ийисли сый қылып, бир
қурбанлық алып келсе, ол да усы
қағыйдаларға әмел қылыўы ти-
йис. 15-16 Сизлер ушын да, араңыз-
да жасап атырған келгинди адам
ушын да жәмийет анық усы қағый-
даларды қолллансын. Бул келешек
әўладларыңыз ушын да мәңги қа-
ғыйда болсын. Жаратқан Ийениң
алдында сизлер де, сизлердиң ара-
ңызда жасап атырған келгинди де
бирдей».
17 Жаратқан Ийе Муўсаға бы-
лай деди:
18 – Израил халқына былай деп
айт: «Сизлерди алып баратырған
елге киргениңизден кейин, 19 сол
елдиң нанынан жегениңизде, нан-
ның бир бөлегин ажыратып, Ма-
ған усының. 20 Қырманыңыздың
биринши өниминен ажыратылған
садақа сыяқлы қамырыңыздың
биринши зуўаласынан жабыл-
ған шөректи ажыратып усының.
21 Қамырыңыздың биринши зу-
ўаласынан жабылған бул садақа-
ны әўладлар даўамында Жаратқан
Ийеге усының».

### Гүна ушын қурбанлық

22-23 «Егер бириңиз билместен гүна
ислеп, Жаратқан Ийениң мен арқа-
лы берген буйрықларының бирине –
Жаратқан Ийениң буйрық берген
күнинен баслап, әўладлар бойы әмел
қылмасаңыз 24 ҳәм жәмийет бул қә-
теге билместен жол қойған болса,
пүткил жәмийет Жаратқан Ийеге
хош ийисли сый усыныў ушын, бир
буғаны жандырылатуғын қурбан-
лық етип берсин. Олар буға менен
бирге белгиленген муғдарда ғәлле
ҳәм ишимлик садақасын берсин. Со-
ның менен бирге, гүна қурбанлығы
ушын бир теке алып келсин. 25 Солай
етип, руўханий пүткил Израил жә-
мийетиниң гүнасы ушын пәклеў рә-
симин өткереди ҳәм олардың гүнасы

кешириледи. Себеби олар билмес-
тен гүна ислеген еди ҳәм бул ушын
Жаратқан Ийеге жандырылатуғын
қурбанлық ҳәм гүна қурбанлықла-
рын усынған болады. 26 Пүткил Из-
раил жәмийети де, араңызда жасап
атырған келгинди де кешириледи.
Өйткени халық билместен усы гү-
наны иследи.

27 Егер бир адам билместен гүна
ислеп қойса, ол гүна қурбанлығы
ушын бир жасар ешки алып кел-
син. 28 Руўханий Жаратқан Ийениң
алдында сол адамның пәклениўи
ушын гүнаның қунын төлеў рәсимин
өткерсин. Бул рәсим өткерилгенде,
сол адамның гүнасы кешириледи.
29 Билместен гүна ислеп қойған из-
раиллы ушын да, араңызда жасап
атырған келгинди ушын да усы ны-
замды қолланыўыңыз тийис.

30 Израиллы ямаса келгинди
бир адам билип турып гүна исле-
се, Жаратқан Ийеге тил тийгизген
болады. Бундай адам Израил хал-
қының арасынан жоқ қылынсын.
31 Ол Жаратқан Ийениң сөзлерин
писент етпей, буйрықларына қарсы
шыққаны ушын, ол адам халқының
арасынан сөзсиз жоқ қылынсын.
Оның гүнасы өз мойнында қалады».

## Шаббат күнине әмел қылмаған адам өлтириледи

32 Бир күни израиллылар шөл-
де жүрген ўақытта бир адам дем
алыс күни болған Шаббат күни
отын жыйнап жүрген жеринен ус-
лап алынды. 33 Отын жыйнап жүр-
ген адамды услап алған адамлар
оны Мууса менен Харонның ҳәм
пүткил жәмийеттиң алдына алып
келди. 34 Сол адамға қандай шара
қолланылыўы керeклиги анық
болмағанлықтан, оны қамап қой-
ды. 35 Соннан кейин, Жаратқан
Ийе Муўсаға:

– Ол адам сөзсиз өлтирилсин.
Пүткил жәмийет оны орданың
сыртына алып шығып, тас боран
қылсын, – деди. 36 Солай етип,
Жаратқан Ийениң Муўсаға буйыр-
ғанындай, жәмийет сол адамды ор-
даның сыртына алып шығып, тас
боран қылып өлтирди.

## Шашақлар туўрысында қағыйда

37 Жаратқан Ийе Муўсаға бы-
лай деди:

38 – Израил халқына былай деп
айт: «Әўладларыңыз даўамында
кийимиңиздиң етеклерине шашақ
тиктирип қойың. Ҳәр бир шашаққа
қызғыш көк жип қосып исленсин.
39 Усы шашақлар сизлерге Мениң,
яғный Жаратқан Ийениң буйрық-
ларын еслетип турады. Солай етип,
буларды көргениңизде, буйрықла-
рыма әмел қылып, жүрегиңиздиң
ҳәм көзиңиздиң қәлеўлерине ерип
кетпей, опасызлық қылмайсызлар.
40 Сонда сизлер пүткил буйрықла-
рымды ядыңызда тутып, Қудайы-
ңыз ушын мухаддес боласызлар.
41 Мен Қудайыңыз болыў ушын
сизлерди Мысырдан алып шыққан
Қудайыңыз Жаратқан Ийемен. Мен –
Қудайыңыз Жаратқан Ийемен».

## Қорах, Датан ҳәм Абирамның көтерилиси

16 1-2 Лебий урыўының Қоҳат
тийресинен болған Исҳар
улы Қорах, Рубен урыўынан Эли-
абтың уллары Датан менен Абирам

ҳәм Пелет улы Он биригип, Муўсаға
қарсы көтерилис қылды. Жәмийет
сайлаған Израил халқының абырай-
лы еки жүз елиў басшысы да оларға
қосылды. 3 Олар биргеликте Муўса
менен Харонның алдына барып:
– Сизлер жүдә ҳәддиңизден асып
кеттиңиз! Ҳәммемиз Жаратқан
Ийениң мухаддес жәмийетиниң
ағзалары емеспиз бе? Ол ҳәмме-
миздиң арамызда жасайды. Солай
екен, сизлер не ушын өзлериңизди
Жаратқан Ийениң жәмийетинен
үстем қоясызлар? – деди.
4 Буны еситкен Муўса Жаратқан
Ийениң алдында ет бетинен жер-
ге жығылды. 5 Кейин ол Қорах ҳәм
оның шериклерине былай деди:
– Азанда Жаратқан Ийе кимди
Өзине бағышлап алғанын көрсете-
ди. Жаратқан Ийе кимди таңлаған
болса, сол адамды Өз дәргайына
жақынластырады. 6 Ҳәй, Қорах,
сен өз шериклериң менен бирге
түтетки түтетилетуғын ыдысла-
рыңызды алың. 7 Ертең Жаратқан
Ийениң алдында ыдысларыңызға
от салып, үстине түтеткиңизди қо-
йың. Сонда Жаратқан Ийе кимди
таңласа, сол адамды Өзине бағыш-
лап алғаны. Ҳәй, лебийлилер, сиз-
лер ҳәддиңизден асып кеттиңиз!
8 Муўса Қорахқа айтып атырған
сөзин былай деп даўам етти:
– Ҳәй, лебийлилер, маған қулақ
салың! 9 Израилдың Қудайы сиз-
лерди Израил халқы арасынан
айырып алып, Жаратқан Ийениң
Мухаддес шатырындағы хызметти
орынлаўыңыз ушын, Өзине жақын-
ластырды. Және де, жәмийеттиң
алдында турып, оларға хызмет ети-
ўиңиз ушын сизлерди таңлап алды,
булардың барлығы сизлерге азлық
қылды ма? 10 Қорах, Жаратқан Ийе
сени ҳәм пүткил лебийли туўыс-
қанларыңды Өзине жақынластыр-
ған болса, бул жетпегендей, енди
сизлер руўханийликти де қәлеп
атырсызлар ма? 11 Ҳәй, Қорах, се-
ниң ҳәм шериклериңниң бундай
етип жыйналыўы Харонға емес,
ал Жаратқан Ийеге қарсы шығы-
ўыңызды билдиреди.
12 Соннан кейин, Муўса Элиаб-
тың уллары Датан менен Абирам-
ды шақыртты. Бирақ олар:
– Бармаймыз. 13 Сен бизлерди
шөлде өлтириў ушын сүт ҳәм пал
ағып турған елден алып шықтың.
Бул жетпегендей, бизлердиң үсти-
мизден бийлик қылмақшысаң ба?
14 Сен бизлерди сүт ҳәм пал ағып
турған жерге әкелмедиң, бизлерге
мүлик етип атыз ҳәм жүзим бағла-
рын да бермедиң. Бизлердиң кө-
зимизди байламақшымысаң? Яқ,
сениң алдыңа бармаймыз, – деди.
15 Муўса қатты ашыўланып,
Жаратқан Ийеге:
– Олардың садақаларын қабыл
етпе. Мен олардан бир ешек те ал-
ған жоқпан, олардың ҳеш бирине
жаманлық қылған жоқпан, – деди.
16 Кейин Муўса Қорахқа:
– Ертең сен барлық шериклериң ме-
нен бирге Жаратқан Ийениң алды-
на кел. Харон да усы жерде болады.
17 Ҳәр бириңиз бир түтетки түтети-
летуғын ыдыстан, барлығы болып
еки жүз елиў ыдыс алып келип, иши-
не хош ийисли түтетки салың. Сен
де өз ыдысыңды алып кел, Харон
да өзиникин алып келеди, – деди.
18 Солай етип, олардың ҳәр би-
ри ишине от ҳәм түтетки салып,

өз ыдысларын алып келди. Кейин
олар Муўса ҳәм Харон менен бир-
ге Ушырасыў шатырының алдына
келип турды. 19 Қорах пүткил жә-
мийетти Муўса менен Харонның
қасына, Ушырасыў шатырының
алдына жыйнағанда, Жаратқан
Ийениң салтанаты ҳәммеге көрин-
ди. 20 Жаратқан Ийе Муўса менен
Харонға былай деди:
21 – Мына жәмийеттиң арасынан
шетке шығың, Мен оларды көзди
ашып-жумғанша жоқ қылып жи-
беремен.
22 Муўса менен Харон ет бетинен
жерге жығылып:
– Қудай, пүткил тири жанның
Қудайы! Бир адам гүна иследи деп,
пүткил жәмийетке ғәзепленесең
бе? – деди.
23 Жаратқан Ийе Муўсаға бы-
лай деди:
24 – Жәмийетке: «Қорахтың, Да-
танның ҳәм Абирамның шатырла-
рынан узақласың», – деп айт.
25 Муўса Датан менен Абирам-
ның қасына барды. Израил ақса-
қаллары да Муўсаның изине ерди.
26 Муўса жәмийетке қарата:
– Бул жаман адамлардың шатыр-
ларынан узақласың! Олардың ҳеш
бир затына қол тийгизбең. Болмаса,
олардың гүнасы себепли, сизлер де
жоқ боласызлар, – деди. 27 Солай
етип, жәмийет Қорах, Датан ҳәм
Абирамның шатырларынан узақ-
ласып турды. Датан менен Абирам
ҳаяллары ҳәм балалары менен бир-
ге сыртқа шығып, шатырларының
алдында турған еди.
28 Сонда Муўса былай деди:
– Булардың барлығын ислеўим
ушын Жаратқан Ийениң мени
жибергенин, мен өзлигимнен бир
нәрсе де ислемегенимди мына-
дан билип аласызлар: 29 егер де
бул адамлар өз әжели менен, ҳәм-
ме адамлардың басына түсетуғын
өлим менен өлсе, онда билип қо-
йың, Жаратқан Ийе мени жибер-
меген болады. 30 Бирақ Жаратқан
Ийе әдеттен тыс бир нәрсе ислесе,
жер жарылып, оларды ҳәм оларға
тийисли ҳәр бир затты жутса ҳәм
олар өлилер мәканына тирилей
кирип кетсе, онда бул адамлар-
дың Жаратқан Ийеге ҳүрметсиз-
лик қылғанын билип аласызлар.
31 Муўса усы сөзлерин айтып бо-
лар-болмастан, Датан ҳәм Абирам-
ның аяқ астындағы жер жарылып
кетти. 32 Жер жарылып, оларды,
олардың шаңарақларын, Қорахтың
шериклери менен мал-мүликле-
рин жутып жиберди. 33 Солай етип,
олар бар мал-мүлки менен бирге
тирилей өлилер мәканына кирип
кетти. Жер жаўылып, олардың үс-
тин қаплап таслады ҳәм олар жә-
мийеттиң арасынан жоқ қылынды.
34 Олардың бақырысқан даўысла-
рын еситкен әтираптағы израил-
лылар: «Жер бизлерди де жутып
жибермесин!» – деп жән-жаққа қа-
шып кетти.
35 Сол ўақытта Жаратқан Ийениң
жиберген оты хош ийисли затларды
түтетип турған еки жүз елиў адам-
ды жағып, жоқ қылып жиберди.

## Түтетки түтетилетуғын ыдыслар

36 Жаратқан Ийе Муўсаға және
былай деди:
37 – Харонның улы руўханий
Элазарға түтетки түтетилетуғын

ыдысларды күлдиң ишинен алып
шығыўын ҳәм ишиндеги шоқларды
орданың бир шетине төгиўин айт.
Себеби түтетки ыдыслар мухаддес.
38 Ислеген гүналары ушын өлти-
рилген бул адамлардың түтетки
ыдысларын шөккишлеп жалпай-
тың да, қурбанлық орынды усылар
менен қаплаң. Ыдыслар Жаратқан
Ийеге усынылғаны ушын мухаддес.
Булар израиллылар ушын ескерте-
туғын бир белги болсын.
39 Солай етип, руўханий Элазар
жанып өлген адамлардың алып
келген түтетки түтетилетуғын қо-
ла ыдысларын жыйнап алды. Олар
ыдысларды қурбанлық орынды
қаплаў ушын шөккишлеп жалпай-
тып шықты. 40 Бул израиллылар-
ға Харонның әўладынан басқа ҳеш
кимниң Жаратқан Ийениң алдына
шығып, хош ийисли түтетки түте-
тиўге болмайтуғынын, болмаса
сондай ислеген адам Қорах пенен
оның шериклери сыяқлы болату-
ғынын ескертип туратуғын еди. Со-
лай етип, Жаратқан Ийениң Муўса
арқалы айтқанындай етип исленди.

### Израиллылардың көтерилиси ҳәм жазаланыўы

41 Ертеңине пүткил Израил жә-
мийети Муўса менен Харонға на-
разы болып: «Жаратқан Ийениң
халқын сизлер өлтирдиңлер», – деп
тоңқылдай баслады.
42 Израил жәмийети Муўса менен
Харонға қарсы жыйналып, Ушы-
расыў шатырына қарай туўры бу-
рылып қарағанда, шатырды булт
қаплады ҳәм Жаратқан Ийениң
салтанаты көринди. 43 Сонда Муў-
са менен Харон Ушырасыў шаты-
рының алдына келди. 44 Жаратқан
Ийе Муўсаға:
45 – Бул жәмийеттиң арасынан
шетке шығың ҳәм Мен оларды көз-
ди ашып-жумғанша жоқ қылып
жиберемен, – деди. Сонда Муў-
са менен Харон ет бетинен жерге
жығылды.
46 Соннан кейин, Муўса Харонға:
– Түтетки ыдысын алып, иши-
не қурбанлық орыннан шоқ сал,
оттың үстине хош ийисли түтет-
ки қой. Қунын өтеў ушын дәрҳал
жәмийетке бар. Себеби Жаратқан
Ийе ғәзебин шашып атыр. Ал ха-
лыққа өлтиретуғын оба тарқалып
баслады, – деди.
47 Харон Муўсаның айтқанларын
орынлап, түтетки ыдысын алды да,
жәмийеттиң ортасына жуўырып
барды. Халықтың арасында набыт
қылатуғын кеселлик басланған еди.
Харон хош ийисли түтетки усынып,
жәмийеттиң қунын өтеди. 48 Ол ти-
рилер менен өлилердиң арасында
турғанда, набыт қылатуғын кесел-
лик тоқтады. 49 Ал Қорах себепли
өлгенлерден тысқары, набыт қы-
латуғын кеселликтен өлгенлердиң
саны он төрт мың жети жүз адам
болды. 50 Набыт қылатуғын ке-
селлик тоқтағаннан кейин, Харон
Ушырасыў шатырының алдында
турған Муўсаның жанына қайтты.

### Харонның таяғы

17 1 Жаратқан Ийе Муўсаға
былай деди:
2 – Израил халқына ҳәр бир урыў
көсеми ушын бир данадан он еки
таяқ алып келиўди буйыр. Ҳәр бир
урыў басшысының атын өз таяғы-
ның үстине жаз. 3 Лебий урыўына

тийисли таяқтың үстине Харон-
ның атын жаз. Ҳәр бир урыў бас-
шысы ушын бир таяқтан болыўы
тийис. [4] Таяқларды Ушырасыў
шатырындағы Мен сизлер менен
ушырасатуғын орынның, Келисим
сандығының алдына қой. [5] Мен
таңлап алатуғын адамның таяғы
бөртик шығарады. Солай етип, Из-
раил халқының сизлерге қарсы
шығып, наразы болып, тоңқыл-
даўларына шек қояман.

[6] Муўса айтылғанларды Изра-
ил халқына жеткерди. Халықтың
көсемлери ҳәр бир урыў ушын бир
данадан он еки таяқ алып кел-
ди. Харонның таяғы да солардың
ишинде еди. [7] Муўса таяқларды
буйрықлар қойылған шатырға,
Жаратқан Ийениң алдына қойды.

[8] Муўса ертеңине шатырға кирип
қараса, Лебий урыўы ушын алып ке-
линген Харонның таяғы бөртик шы-
ғарып ғана қоймай, ол гүллеп, бадам
жемисин де берген екен. [9] Муўса
барлық таяқларды Жаратқан Ийе-
ниң алдынан алып шығып, Израил
халқына көрсетти. Халық таяқлар-
ды қарастырып, ҳәр бири өзлерине
тийисли таяқты алды.

[10] Жаратқан Ийе Муўсаға:

– Көтерилисшилерге ескертиў
болыўы ушын, Харонның таяғын
Келисим сандығының алдына
қайтадан апарып қой. Усылайын-
ша, сен көтерилислерин тоқтатып,
олардың өлип кетиўине жол қой-
майсаң, – деди. [11] Муўса Жаратқан
Ийениң буйырғанындай етип
орынлады.

[12] Израиллылар Муўсаға:

– Өлип кетемиз! Қырылып кете-
миз! Ҳәммемиз қырылып кетемиз!
[13] Жаратқан Ийениң Мухаддес ша-
тырына жақынласқан ҳәр бир адам
өледи. Енди ҳәммемиз қырылып
кетемиз бе? – деди.

## Руўханийлер менен лебийлилердиң ўазыйпасы

**18** [1] Жаратқан Ийе Харонға
былай деди:

– Сен, улларың ҳәм пүткил Лебий
урыўы Мухаддес мәканға қарсы
исленген гүнаға жуўапкер бола-
сызлар. Ал руўханийлик хызме-
тиңизге байланыслы гүна ушын
тек ғана сен ҳәм улларың жуўап-
кер боласызлар. [2] Сен ҳәм улларың
буйрықлар қойылған шатырдың
алдында хызмет еткениңизде, ба-
баңыз Лебийдиң әўладынан бол-
ған туўысқанларыңыз да сизлерге
жәрдем беретуғын болсын. [3] Олар
сениң жуўапкершилигиң астында
Мухаддес шатырға тийисли хыз-
метлерди орынласын. Бирақ олар
мухаддес жердиң буйымларына
ямаса қурбанлық орынға жақын-
ламасын, болмаса олар да, сизлер
де өлип қаласызлар. [4] Олар сениң
менен бирге Ушырасыў шатырына
байланыслы барлық ўазыйпаларды
орынласын. Лебийлилерден басқа
ҳеш бир адам сизлер менен бирге
хызмет қылмасын.

[5] Ендигиден былай, Израил хал-
қына қәҳәрленбеўим ушын, Мухад-
дес жерде ҳәм қурбанлық орында
тек ғана сизлер хызмет қыласыз-
лар. [6] Мен израиллылар арасынан
лебийли туўысқанларыңызды
сизлерге жәрдемши қылып, таң-
лап алдым. Ушырасыў шатырына
байланыслы хызметти орынлаўы
ушын, олар Маған бағышланған.

7 Деген менен, қурбанлық орын-
дағы ҳәм пердениң артындағы Ең
мухаддес бөлмеге байланыслы руў-
ханийлик хызметти тек ғана сен өз
улларың менен орынлайсаң. Руў-
ханийлик хызметти саған сый қы-
лып бердим. Сеннен басқа ким де
ким ол жерге жақынласа, ол өл-
тирилсин.

### Руўханийлердиң пайы

8 Жаратқан Ийе Харон менен
болған сәўбетин былай деп даўам
етти:
– Израил халқының Маған ажы-
ратқан мухаддес сыйларын бақ-
лаўды саған тапсырдым. Буларды
сизлердиң руўханийлик хызме-
тиңиз ушын саған ҳәм улларыңа
мәңгиге пай қылып бердим. 9 Қур-
банлық орында Маған усынылған
ең мухаддес садақалар, яғный ғәлле
садақасының, гүна ҳәм айып қур-
банлықларының жандырылмай-
туғын бөлеклери, саған ҳәм сениң
улларыңа тийисли болады. 10 Бу-
ларды ең мухаддес зат сыпатында
жеўиңиз тийис, себеби булар жүдә
мухаддес. Бул садақа ҳәм қурбан-
лықлардан тек ғана еркек адамлар-
дың жеўине болады.
11 Және де, мыналар да саған ти-
йисли болады: израиллылардың
алып келген жоқары көтерип усы-
натуғын сыйларынан ажыратқан
бөлеклерин саған ҳәм сениң ул-
қызларыңа мәңгиге пай қылып
бердим. Шаңарағыңдағы ҳәр бир
пәк адам булардан жеўине болады.
12 Олардың Маған, Жаратқан
Ийеге алып келген дәслепки өним-
лерин – зәйтүн майының, таза ша-
раптың ҳәм ғәлленың ең сапалы
бөлегин сизлерге бердим. 13 Елде
жетистирилген дәслепки зүрәәт-
лерден Маған, Жаратқан Ийеге
алып келингенлердиң ҳәммеси сиз-
лерге тийисли. Шаңарағыңдағы
ҳәр бир пәк болған адам олардан
жеўине болады.
14 Израилда Жаратқан Ийеге то-
лығы менен бағышланған ҳәр бир
зат сизлердики болады. 15 Изра-
ил халқының Маған алып келген
адамлардың да, маллардың да қа-
рыннан биринши шыққанлардың
ҳәммеси сизлердики болады. Бирақ
адамлардың ҳәм ҳарам есапланған
ҳайўанлардың биринши туўылған
баласы ушын қун алыўың керек.
16 Биринши туўылған ул бир ай-
лық болғанда, оның қуны ушын
бес шекел аласаң. Ҳәр бир шекел
Мухаддес орын өлшеми менен жи-
гирма герадан болсын.
17 Бирақ сыйырдың, қойдың ҳәм
ешкиниң биринши туўылған тө-
ли ушын қун алмайсаң. Олар Мен
ушын арналған. Олардың қанларын
қурбанлық орынға серпип, майла-
рын Жаратқан Ийеге хош ийисли
сый қылып, түтетип жандырып
жибересең. 18 Булардың жоқары
көтерип усынылған төси ҳәм оң
саны сеники болғаны сыяқлы, гө-
ши де сеники болады. 19 Израиллы-
лардың Маған ажыратып усынған
мухаддес сыйларының барлығын
саған ҳәм ул-қызларыңа мәңгиге
пай етип беремен. Бул сен ҳәм се-
ниң әўладың ушын берилген Мениң
мәңги бузылмас келисимим болады.
20 Кейин Жаратқан Ийе Харонға
және былай деди:
– Халықтың арасында сизлердиң
үлес жериңиз болмайды, олардың

арасында ҳеш қандай пайыңыз
болмайды. Сизлердиң израиллы-
лар арасындағы пайыңыз ҳәм үле-
сиңиз Мен боламан.

### Лебийлилердиң пайы

21 Лебийлилердиң Ушырасыў ша-
тырындағы жумысы ушын, Изра-
илда жыйналатуғын барлық оннан
бирлерди оларға пай қылып бере-
мен. 22 Буннан былай израиллылар
Ушырасыў шатырына жақын кел-
месин. Болмаса, олар сол гүнаның
жазасын тартып өледи. 23 Ушыра-
сыў шатырына тийисли жумыс-
ты лебийлилер ислейди, шатырға
қарсы исленген ҳәр қандай айыпқа
олар жуўапкер болады. Бул келе-
шек әўладларыңыз бойынша мәңги
қағыйда болсын. Израиллылар-
дың арасында лебийлилердиң жер
үлеси болмайды. 24 Бунның орны-
на Мен лебийлилерге израиллы-
лардың Маған, Жаратқан Ийеге
ажыратып берген оннан бирлерин
үлес қылып беремен. Соның ушын,
Мен: «Израиллылардың арасында
лебийлилердиң үлес жери болмай-
ды», – деп айтқан едим.

### Лебийлилердиң оннан бирлери

25 Жаратқан Ийе Муўсаға бы-
лай деди:
26 – Лебийлилерге мынаны айт:
«Мен үлес қылып сизлерге берген
үсирлерди израиллылардан алға-
ныңызда, алған үсирлердиң оннан
бирин шығарып, Маған, Жаратқан
Ийеге сый қылып бериң. 27 Мен
сизлердиң бул сыйыңызды қыр-
маннан әкелинген ғәлле ҳәм жүзим
сығатуғын шуқырдан әкелинген
шарап сыпатында қабыллайман.
28 Усылай етип, сизлер израиллы-
лардан алған барлық үсирлерден
оннан бирин шығарып, Жаратқан
Ийеге сый қылып бересизлер. Усы
сыйды руўханий Харонға әкелип
бериң. 29 Сизлерге берилген бар-
лық сыйлардың ең жақсысын, ең
мухаддесин ажыратып, Жаратқан
Ийеге бериңлер».
30 Лебийлилерге және былай
деп айт: «Сыйлардың ең жақсы-
сын Жаратқан Ийеге ажырат-
қаныңыздан кейин, қалғаны өз
қырманыңыздан болған өним
ямаса искенжеден алынған шарап
сыпатында өзлериңизге қалады.
31 Буны сизлер шаңарағыңыз бенен
қәлеген жерде жеўиңизге болады.
Себеби бул – сизлердиң Ушыра-
сыў шатырында ислеген хызмети-
ңиз ушын берилген төлем. 32 Егер
оннан бирден ең жақсысын Маған,
Жаратқан Ийеге ажыратып усын-
саңыз, өзлериңизге гүна жүклемей-
сизлер. Өлип қалмаўыңыз ушын,
израиллылардың усынған мухад-
дес садақаларын ҳарамламаңлар».

### Гүнадан пәклениў рәсими

19 1 Жаратқан Ийе Муўса ме-
нен Харонға былай деди:
2 – Жаратқан Ийе буйырған ны-
замның талаплары мыналар: изра-
иллыларға минсиз, кемшилиги жоқ
ҳәм ҳеш қандай мойынтырық са-
лынбаған қызыл жас сыйыр алып
келиўин айтың. 3 Сыйыр руўха-
ний Элазарға берилсин. Кейин
оны орданың сыртына шығарып,
Элазардың көз алдында шалын-
сын. 4 Руўханий Элазар бармағын
сыйырдың қанына батырып, оны

Ушырасыў шатырының алдынғы
тәрепине жети мәртебе серпсин.
5 Соннан кейин, Элазардың көз ал-
дында сыйыр, оның териси, гө-
ши, қаны ҳәм дәриси менен бирге
жандырып жиберилсин. 6 Руўха-
ний кедр ағашын, майоран шөбин[a]
ҳәм қырмызы жипти алып, олар-
ды жанып атырған сыйырдың үс-
тине тасласын. 7 Кейин руўханий
кийимлерин жуўып, өзи суўға жу-
ўынып алсын. Соннан кейин, ол
ордаға кириўине болады. Бирақ ол
кешке дейин ҳарам саналады. 8 Сы-
йырды жаққан адам да кийимле-
рин жуўып, өзи жуўынып алсын.
Ол да кешке дейин ҳарам саналады.

9 Соннан кейин, пәк саналған бир
адам сыйырдың күлин жыйнап
алып, орданың сыртындағы таза
бир жерге апарып қойсын. Изра-
ил жәмийети бул күлди пәклениў
суўына қосыў ушын сақлап қой-
сын. Бул күл адамлардың гүнадан
пәклениў рәсими ушын қолланы-
лады. 10 Сыйырдың күлин жыйна-
ған адам кийимлерин жуўсын, ол
кешке дейин ҳарам саналады. Бул
израиллылар ушын да, араңызда
жасап атырған келгиндилер ушын
да мәңги қағыйда болсын.

### Өлиге бир жерин тийгизип алған адам туўрысында

11 Адамның өлигине бир жерин
тийгизип алған ҳәр бир адам же-
ти күн ҳарам саналады. 12 Ол адам
пәклениў суўы менен үшинши ҳәм
жетинши күни өзин пәклесин. Сон-
да ол пәк болады. Егер ол үшинши
ҳәм жетинши күни өзин пәклемесе,
онда ол пәк саналмайды. 13 Адам-
ның өлигине бир жерин тийгизип,
өзин пәклемеген адам Жаратқан
Ийениң Шатырын ҳарамлаған
болады. Ондай адам Израил хал-
қының арасынан жоқ қылынсын.
Оның үстине пәклениў суўы сер-
пилмегени ушын, ол ҳарам санала-
ды, ҳарамлылығы өзинде қалады.

14 Егер шатырдың ишинде бир
адам қайтыс болса, буған тийис-
ли қағыйда мынадан ибарат: сол
ўақытта шатырда болған ҳәм ша-
тырға кирген ҳәр бир адам жети
күн даўамында ҳарам саналады.
15 Шатырдың ишинде қақпағы жа-
былмай, аўзы ашық қалған ҳәр бир
ыдыс ҳарам саналады.

16 Далада қылыш пенен өлтирил-
ген ямаса өз әжели менен өлген
биреўдиң өлигине, сүйегине яма-
са қәбирине бир жерин тийгизген
ҳәр бир адам жети күн даўамында
ҳарам саналады.

17 Ҳарам саналған адам ушын бир
ыдыстың ишине жандырылған гү-
на қурбанлығының күлинен салып,
үстине ағын суўдан қуйың. 18 Пәк
саналған бир адам майоран шөбин
алып, суўға батырсын. Кейин оны
шатырға, оның ишиндеги барлық
буйымлардың ҳәм ҳәр бир адамның
үстине себелесин. Өлген адамның сү-
йегине, өлтирилген ямаса өз әжели
менен өлген адамға ямаса қәбирге
бир жерин тийгизген адамның үсти-
не де сол суўдан себеленсин. 19 Пәк
саналған адам үшинши ҳәм жетин-
ши күни ҳарам саналған адамның
үстине суўдан сеўип, оны жетин-
ши күни пәклесин. Пәкленген адам

---

a **19:6** *Майоран шөби* – бул назбайгүл шөбине туқымлас өсимлик.

кийимлерин суўға жуўып, өзи де жуўынсын, сонда ол кеште пәк саналады. **20** Егер ҳарам саналған адам өзин пәклемесе, ол жәмийеттиң арасынан жоқ қылынсын. Өйткени ол Жаратқан Ийениң Мухаддес мәканын ҳарамлаған болады. Пәклениў суўы оның үстине серпилмегени ушын, ол адам ҳарам саналады. **21** Бул халық ушын мәңги қағыйда болсын. Пәклениў суўын серпкен адам да кийимлерин жуўсын. Пәклениў суўын ұслаған адам кешке дейин ҳарам саналады. **22** Ҳарам адам жантасқан ҳәр бир нәрсе ҳарам саналады. Сол ҳарамланған затқа жантасқан адам да кешке дейин ҳарам саналады.

### Жартастан аққан суў

**20** **1** Биринши айда Израил халқының пүткил жәмийети Зин шөлине жетип барып, Қадешке орналасты. Мәриям сол жерде қайтыс болып, жерленди.

**2** Ол жерде халық ушын ишетуғын суў жоқ еди. Сол себепли олар Муўса менен Харонға қарсы жыйналып, **3** Муўсаға былай деп урысты:

– Туўысқанларымыз Жаратқан Ийениң алдында өлген ўақытта, бизлер де олар менен бирге өлип кеткенимиз жақсы еди! **4** Жаратқан Ийениң жәмийетин бул шөлге не ушын алып келдиң? Бизлер малларымыз бенен бирге өлиўимиз ушын ба? **5** Не ушын бизлерди усы жаман жерге алып келиў ушын Мысырдан алып шықтың? Бул жердиң егислиги де, әнжири де, жүзими де, анары да жоқ. Ҳәттеки, ишетуғын суўы да жоқ!

**6** Муўса менен Харон жәмийеттиң алдынан кетип, Ушырасыў шатырының алдына барды да, ол жерде ет бетинен жерге жығылды. Сонда Жаратқан Ийениң салтанаты оларға көринди. **7-8** Жаратқан Ийе Муўсаға:

– Таяғыңды ал. Әжағаң Харон менен бирге жәмийетти бир жерге жыйнаң. Кейин жәмийеттиң көз алдында суў атлығып шығыўы ушын, жартасқа буйрық бериң. Сонда сен жартастан суў шығарып, оларға да, ҳайўанларына да суў бересең, – деди.

**9** Муўса өзине берилген буйрық бойынша Жаратқан Ийениң дәргайындағы таяқты алып, **10** Харон менен бирге жәмийетти жартастың алдына жыйнады. Муўса оларға:

– Ҳәй, көтерилисшилер, маған қулақ салыңлар! Мына жартастан сизлерге суў шығарып берейик пе? – деди. **11** Соннан кейин, Муўса қолындағы таяғын көтерип, жартасқа еки мәрте урды. Сонда жартастан суў атлығып шықты ҳәм пүткил жәмийет те, ҳайўанлары да оннан суў ишти.

**12** Жаратқан Ийе Муўса менен Харонға былай деди:

– Маған толық исенбей, израиллылардың көз алдында Мениң мухаддеслигимди тән алмадыңлар. Соның ушын, Мен бул жәмийетке беретуғын елге оларды сизлер алып бармайсызлар.

**13** Израил халқы Жаратқан Ийеге қарсы шығып, даўласқан сол жер Мериба[a] суўлары деп аталды. Усы жерде Жаратқан Ийе оларға Өз мухаддеслигин көрсетти.

---

a **20:13** *Мериба* – «даў» дегенди билдиреди.

### Эдом патшасының өз жери арқалы израиллыларды өткизбеўи

14 Муўса Қадештен Эдом патша-
сына елшилер арқалы мынадай ха-
бар жиберди: «Туўысқаның болған
Израил халқы былай деп айтып
атыр: Басымызға түскен барлық
қыйыншылықлардан хабарың бар.
15 Ата-бабаларымыз Мысыр же-
рине барып қоныс басты ҳәм сол
жерде узақ ўақыт даўамында жа-
садық. Мысырлылар ата-бабала-
рымызға да, бизлерге де зулымлық
қылды. 16 Бирақ бизлер Жаратқан
Ийеге жалбарынғанымызда, Ол
периштесин жиберип, бизлерди
Мысырдан алып шықты. Мине, ен-
ди бизлер сениң шегараңа жақын
жердеги Қадеш қаласында турып-
пыз. 17 Бизлерге елиң арқалы өтип
кетиўимизге рухсат берсеңиз. Сиз-
лердиң егин атызларыңызға, жү-
зим бағларыңызға кирмеймиз ҳәм
қудықларыңыздан суў ишпеймиз.
Елиңиз арқалы өткенде, оңға да,
шепке де бурылмай, тек ғана Пат-
ша жолы деген үлкен жолдан жү-
рип, жолымызды даўам етемиз».

18 Бирақ Эдом патшасы: «Елим
арқалы өтпейсизлер! Болмаса, сиз-
лерге қарсы қылыш көтеремиз», –
деп жуўап берди.

19 Сонда израиллылар оған: «Биз-
лер үлкен жолдан жүрип, өтип
кетемиз. Егер бизлер ямаса мал-
ларымыз суўыңнан ишсек, оның
ҳақысын төлеймиз. Бизлер тек ба-
ры-жоғы елиңиз арқалы өтип кете-
миз», – деп өтиниш қылды.

20 Деген менен, Эдом патшасы
оларға және: «Өтпейсизлер!» – деп
жуўап берди. Соннан кейин, эдом-
лылар израиллыларға қарсы жүрис
қылыў ушын, көп санлы ҳәм күш-
ли ләшкерлери менен жолға шықты.
21 Эдом патшасы елинен өтиўине
рухсат бермегеннен соң, израил-
лылар артқа бурылып, айланып
өтиў ушын, оннан узақласты.

### Харонның өлими

22 Пүткил Израил жәмийети Қа-
дештен шығып, Ҳор таўына келди.
23 Жаратқан Ийе Эдом шегарасын-
дағы Ҳор таўында Муўса менен Ха-
ронға былай деди:

24 – Харон өлип, өз ата-бабаларына
қосылады. Ол Мен Израил халқына
беретуғын елге кирмейди. Өйткени
екеўиңиз Мериба суўлары жанында
Мениң буйрығыма қарсы шықтың-
лар. 25 Енди сен Харон менен оның
улы Элазарды Ҳор таўына алып шық.
26 Харонның руўханийлик кийимле-
рин шешип алып, оларды улы Эла-
зарға кийгиз. Харон ол жерде өлип,
ата-бабаларына қосылады.

27 Муўса Жаратқан Ийениң бу-
йырғанындай қылды. Олар үшеўи
де пүткил жәмийеттиң көз алдын-
да Ҳор таўына көтерилди. 28 Муўса
Харонның руўханийлик кийимле-
рин үстинен шешип алды да, олар-
ды улы Элазарға кийгизди. Харон
сол жерде, таўдың жоқарысында
өлди. Кейин, Муўса менен Элазар
таўдан түсти. 29 Пүткил Израил
жәмийети Харонның өлгенин бил-
генде, ол ушын отыз күн аза тутты.

### Арад қаласының жоқ қылыныўы

21 1 Негебте жасап атырған
қананлы Арад патшасы

израиллылардың Атарим жолы-
нан киятырғанынан хабар тапқан-
да, оларға ҳүжим қылып, олардың
базыларын тутқынға алды. 2 Сол
себепли израиллылар Жаратқан
Ийеге: «Егер Сен бул халықты биз-
лерге тәслим қылсаң, олардың бар-
лық қалаларын Саған бағышлап,
толығы менен жоқ етемиз», – деп
ўәде берди. 3 Жаратқан Ийе израил-
лылардың жалбарынған даўысын
еситти ҳәм кананлыларды оларға
тәслим қылды. Израиллылар олар-
ды қырып таслап, қалаларын толы-
ғы менен жоқ қылды. Кейин ала сол
жерге Хорма[a] деген ат берилди.

### Мыстан соғылған жылан

4 Израил халқы Ҳор таўынан
шығып, Эдом елин айланып өтип
кетиў ушын, Қызыл теңизге бара-
туғын жол менен жүрип кетти. Би-
рақ халық жолда кетип баратырып,
және сабырсызлық қылды. 5 Олар
Қудайға ҳәм Муўсаға қарсы налып:
– Не ушын бизлерди Мысырдан
алып шықтыңыз? Шөлде өлип ке-
тиўимиз ушын ба? Бул жерде нан да,
суў да жоқ. Ал мына жеркенишли
маннадан болса кеўлимиз айнып
кетти! – деди.
6 Сонда Жаратқан Ийе халық ара-
сына зәҳәрли жыланлар жиберди.
Жыланлар израиллыларды шақ-
ты ҳәм олардан көп адамлар өлди.
7 Халық Муўсаның алдына келип:
– Жаратқан Ийеге ҳәм саған қар-
сы сөйлеп, бизлер гүна қылдық.
Бизлердиң арамыздан жыланлар-
ды жоқ қылыўы ушын, Жаратқан
Ийеге жалбарынып, дуўа қыл, –
деди. Солай етип, Муўса халық
ушын дуўа етти.
8 Жаратқан Ийе Муўсаға:
– Бир жылан ислеп, оны бақан үс-
тине орналастыр. Жылан шаққан
ҳәр бир адам оған қараса, тири қа-
лады, – деди.
9 Солай етип, Муўса мыстан бир
жылан ислеп, оны бақанның үсти-
не орналастырды. Жылан шаққан
адамлар мыс жыланға қарағанда,
олар өлмей, тири қалды.

### Моабқа қарай жол

10 Израил халқы жолын даўам
етип, Оботқа орналасты. 11 Сон-
нан соң, олар Оботтан шығып, Мо-
абтың шығыс тәрепиндеги шөлге,
Ийе-Абаримге орналасты. 12 Ол
жерден де шығып, Зеред дәрья-
сында тоқтады. 13 Кейин олар сол
жерден шығып, амор халқының
шегарасына дейин созылған шөлде,
Арнон дәрьясының арғы жағасын-
да тоқтады. Арнон дәрьясы Моаб
пенен Амор елиниң арасындағы
шегара еди. 14 Жаратқан Ийениң
Саўашлары китабында Суфа жер-
лериндеги Ўаҳеб қаласы, сайлар,
және де, Арнон дәрьясы, 15 Ар қа-
ласына дейин ҳәм Моаб шегарасы
бойлап созылған таў жанбаўырлар-
дағы сайлар ҳаққында сөз етиледи.
16 Сол жерден Израил хал-
қы Беер[b] деген жердеги қудыққа
жол алды. Бул қудықтың қасында
Жаратқан Ийе Муўсаға: «Халықты
бир жерге жыйна, Мен оларға суў
беремен», – деп айтқан еди.

---

[a] **21:3** *Хорма* – «пүткиллей жоқ етиў» ямаса «бағышланған» дегенди билдиреди.
[b] **21:16** *Беер* – «қудық» дегенди билдиреди.

[17] Сол ўақытта израиллылар мына қосықты айтты:

«Суўларың толып тассын, ҳәй,
қудық!
Қудыққа арнап қосық айтың.
[18] Бул қудықты қазды басшылар
менен халық көсемлери,
Ҳүкимдарлық ҳаса ҳәм ҳаса
таяқлары менен қазған еди».

Соннан соң, олар шөлден Маттанаға, [19] Маттанадан Наҳалиелге, Наҳалиелден Бамотқа, [20] Бамоттан Моаб жерлериндеги ойпатлыққа, шөлге қарама-қарсы болған Писга таўының етеклерине кетти.

## Патша Сихон ҳәм патша Огтың жеңилиске ушыраўы

[21] Израиллылар Амор патшасы Сихонға елшилери арқалы мына хабарды жиберди:
[22] «Елиңизден өтип кетиўимизге рухсат берсеңиз. Бизлер атызларыңызға ҳәм жүзим бағларыңызға кирмеймиз ҳәм ҳеш бир қудықтан суў ишпеймиз. Шегараңыздан өтип кеткенше, Патша жолынан жүрип, жолымызды даўам етемиз».
[23] Деген менен, Сихон өз ели арқалы израиллылардың өтип кетиўине рухсат бермеди. Ол израиллылар менен урысыў ушын пүткил ләшкерлерин жыйнап, шөлге қарай шықты. Яҳасқа жетип барып, израиллыларға қарсы ҳүжим қылды.
[24] Урыста израиллылар Сихонды қылыш жүзинен өткерип, оларды жеңилиске ушыратты ҳәм Арнон дәрьясынан Яббоқ дәрьясына шекемги барлық жерлерди ийелеп алды. Бирақ аммон халқының шегарасынан арман қарай өтпеди, себеби Аммон елиниң шегарасы беккем еди.
[25] Израиллылар Хешбон ҳәм оның дөгерегиндеги аўыллар менен бирге амор халқының барлық қалаларын қолға киргизип, сол жерлерде жасай баслады.
[26] Хешбон амор халқының патшасы Сихонның қаласы еди. Сихон Моабтың алдынғы патшасына қарсы саўаш ашып, оның Арнон дәрьясына дейин созылған жерлерин басып алған еди.
[27] Соның ушын, жыраўлар былай деп жырлап жүрди:

«Хешбонға келиң, оны қайта
қурың,
Сихонның қаласын беккем
қылың,
[28] Хешбоннан от жалыны шықты,
Сихонның қаласынан от лаўлап
шықты,
Моабтың Ар қаласын,
Арнон төбешиги хожайынларын
жағып жоқ етти.
[29] Ҳәсирет болсын саған, ҳәй моаб
халқы!
Кемош қудайының халқы жоқ
болдың!
Кемош өз улларын қашқын
қылды,
Қызларын болса Амор патшасы
Сихонға тутқын қылды.
[30] Оларды жеңилиске ушыраттық,
Хешбоннан Дибонға дейин
ҳәммесин жоқ қылдық.
Медебаға созылған Нофахқа
дейин оларды ўайран
қылдық».

[31] Солай етип, Израил халқы амор халқының елинде жасай баслады.

32 Муўса Язерди көзден өткериў
ушын адамларын жиберди. Кейин
израиллылар Язер дөгерегиндеги
аўылларды басып алып, ол жерде
жасап атырған амор халқын қуўып
жиберди. 33 Соннан кейин, олар
Башанға қарай жол алды. Башан
патшасы Ог оларға қарсы урысыў
ушын барлық ләшкерлери менен
Эдрейде олардың алдынан шықты.
34 Сонда Жаратқан Ийе Муўсаға:
– Оннан қорқпа! Өйткени оның
өзин, ләшкерлерин ҳәм пүткил
елин саған тәслим қыламан. Амор
халқының Хешбонда жасаған пат-
шасы Сихонға не ислеген болсаң,
оған да соны ислейсең, – деди.
35 Солай етип, Израил халқы ҳеш
кимди аман қалдырмастан, Ог пе-
нен оның балаларын ҳәм ләшкер-
лерин қырып таслады. Кейин олар
Огтың елин ийелеп алды.

## Моаб патшасы Балақтың Биламды шақырыўы

22 1 Соннан кейин, израил-
лылар жолын даўам ет-
ти. Олар ойпатлықтың Моабқа
тийисли бөлегине келип, Иордан
дәрьясының шығысына, Ерихо қа-
ласының қарсы алдына орналасты.
2 Сиппор улы Балақтың израил-
лылардың амор халқына нелер ис-
легенинен хабары бар еди. 3 Израил
халқы соншелли көп болғанлықтан,
моаблылар олардан қатты қорқы-
сып, албыраўшылыққа түскен еди.
4 Сонда моаблылар Мидян ақса-
қалларына: «Өгиз жайлаўдағы от-
шөпти жеп жоқ қылғаны сыяқлы,
бул халық та дөгерегимиздеги бар-
лық нәрсени ишип-жеп жоқ қыла-
ды», – деди.
Сол ўақытлары Сиппор улы Ба-
лақ Моаб патшасы еди. 5 Балақ Беор
улы Биламды шақыртыў ушын ха-
баршыларын жиберди. Билам Ев-
фрат дәрьясының бойында, Аммаў
үлкесиндеги Петорда жасайтуғын
еди. Балақ Биламға хабаршылары-
нан былай деп айтып жиберген еди:
«Мысыр жеринен шығып, жер жү-
зин қаплаған бир халық мениң жа-
ныма келип орналасты. 6 Өтинемен,
сиз келип, меннен де күшли болған
сол халықты мен ушын нәлетлең.
Мүмкин, сонда мен оларды жеңип,
елимнен қуўып шығара аларман.
Өйткени сизиң пәтия берген адамы-
ңыз жарылқанып, нәлетлеген ада-
мыңыз нәлетленетуғынын билемен».
7 Моаб ҳәм Мидян ақсақаллa-
ры Биламға нәлетлеўи ушын төле-
нетуғын пулды алып кетти. Олар
Биламға барып, оған Балақтың
сөзлерин жеткерди.
8 Билам оларға:
– Усы жерде қонып қалың.
Жаратқан Ийениң айтқаны бойын-
ша сизлерге жуўап беремен, – деди.
Солай етип, Моаб басшылары
Биламның үйинде қонып қалды.
9 Қудай Биламға келип, оннан:
– Үйиңде қалған мына адамлар
ким? – деп сорады.
10 Билам Қудайға былай деп жу-
ўап берди:
– Моаб патшасы Сиппор улы Ба-
лақ маған мына хабарды жиберип-
ти: 11 «Мысыр жеринен шыққан
бир халық жер жүзин қаплап кетти.
Сиз келип, мен ушын сол халықты
нәлетлең. Сонда мен оларға қарсы
урысыўға күшим жетип, оларды
қуўып жибере аларман».
12 Бирақ Қудай Биламға:

– Олар менен бирге барма! Сол ха-
лықты нәлетлеме, себеби олар жа-
рылқаў алған халық, – деди.
13 Азанда Билам Балақтың жи-
берген басшыларына:
– Елиңизге қайта бериң. Себеби
Жаратқан Ийе сизлер менен бирге
барыўыма рухсат бермеди, – деди.
14 Моаб басшылары изине қайтып,
Балаққа: «Билам бизлер менен бир-
ге келиўге ыразы болмады», – деди.
15 Сонда Балақ алдыңғы жибер-
генлеринен де көбирек ҳәм олардан
да абырайлылаў басшыларын жи-
берди. 16 Олар Биламның алдына
барып, былай деп айтты:
– Сиппор улы Балақ былай деп
айтып жиберди: «Өтинемен, ме-
ниң алдыма келиўиңизге ҳеш бир
нәрсе тосқынлық қылыўына жол
қоймаң. 17 Өйткени сизге айрықша
ҳүрмет көрсетемен, не қәлесеңиз,
соны ислеймен. Не болса да, келиң,
мен ушын бул халықты нәлетлең».
18 Билам Балақтың хабаршыла-
рына мынадай жуўап қайтарды:
– Балақ сарайындағы барлық гү-
мис ҳәм алтынды маған берсе де,
Қудайым Жаратқан Ийениң буй-
рығысыз ҳеш нәрсе қылмайман.
19 Мәрҳәмат, бүгин түнде усы жерде
сизлер де қонып қалың, Жаратқан
Ийениң маған басқа не айтатуғы-
нын билип алайын.
20 Сол түни Қудай Биламға келип:
– Бул адамлар сени шақырыў
ушын келген екен, олар менен бир-
ге бар, бирақ Мен саған не айтсам,
соны ислейсең, – деди.

### Биламның ешеги

21 Солай етип, азанда Билам еше-
гин ертледи де, Моаб басшылары
менен бирге кетти. 22 Билам жолға
шыққанда, Қудай оған ғәзепленди.
Жаратқан Ийениң периштеси оған
қарсылық қылыў ушын, оның жо-
лында турып алды. Сонда Билам
ешегине минип, кетип баратыр еди.
Оның қасында еки хызметкери бар
еди. 23 Ешек қылышын жалаңашлап
турған Жаратқан Ийениң периш-
тесин көргенде, жолдан шығынып,
атыздың ишине кирип кетти. Ал
Билам болса, ешегин жолға қай-
тарыў ушын, оны сабай баслады.
24 Соннан соң, Жаратқан Ийе-
ниң периштеси жүзимзарлардың
арасындағы тар соқпақта турып
алды. Соқпақтың еки тәрепи де
дийўаллар менен қоршалған еди.
25 Ешек Жаратқан Ийениң периш-
тесин көрип, дийўалға тығылып,
Биламның аяғын қысып таслады.
Билам ешегин және сабай баслады.
26 Жаратқан Ийениң периште-
си алдыға жылжып, тар жерде ту-
рып алды. Енди ешек оңға да, солға
да бурылып кете алмайтуғын еди.
27 Жаратқан Ийениң периштесин
көрген ешек Биламның астына жа-
тып алды. Биламның буған ғәзеби
қайнап, таяғы менен ешекти және
сабай баслады. 28 Сонда Жаратқан
Ийениң қүдирети менен ешекке
тил питип, Биламға:
– Мени үш мәрте урып сабағандай,
мен саған не қылдым? – деп сорады.
29 Билам:
– Сен мени мазақ қылып атырсаң.
Егер қолымда қылышым болған-
да, сени өлтирип таслаған болар
едим! – деп бақырды.
30 Ешек оған:
– Усы күнге дейин минип жүр-
ген ешегиң мен емеспен бе? Бурын

саған усындай қылық шығарған ба
едим? – деди.
Билам:
– Яқ, – деди.
31 Соннан соң, Жаратқан Ийе Би-
ламның көзин ашты. Сонда Билам
қылышын жалаңашлап, жолда тур-
ған Жаратқан Ийениң периштесин
көрип, ет бетинен жерге жығылды.
32 Жаратқан Ийениң периште-
си Биламға:
– Не ушын ешегиңди үш мәр-
те урып, сабадың? Саған қарсы-
лық қылыў ушын келдим. Себеби
тутқан жолың сени бәлеге дуўшар
қылады. 33 Ал ешегиң болса Ме-
ни көрип, үш мәрте өзин жолдан
шетке алып қашты. Егер ол жол-
дан шетке шықпағанда, сени өл-
тирип, оны аман қалдырған болар
едим, – деди.
34 Билам Жаратқан Ийениң пе-
риштесине:
– Гүна қылдым. Маған қарсы шы-
ғыў ушын, жолда турғаныңды бил-
меппен. Егер бул тутқан жолым
Саған мақул болмаса, онда үйиме
қайтайын, – деди.
35 Жаратқан Ийениң периште-
си оған:
– Мына адамлар менен бирге ке-
те бер. Бирақ Мен саған не айтсам,
тек ғана соны айтасаң, – деди. Со-
лай етип, Билам Балақтың басшы-
лары менен бирге кетти.

### Патша Балақтың Билам менен ушырасыўы

36 Балақ Биламның киятырғанын
еситиўден, оны күтип алыў ушын
Арнон бойындағы, Моаб елиниң
шегарасында жайласқан Ир қала-
сына кетти. 37 Балақ Биламға:
– Сизди шақырыў ушын жибер-
ген алдыңғы адамларым менен не
ушын келмедиңиз? Ямаса мени саў-
ға менен сыйлаўға күши жетпейди,
деп ойлап па едиңиз? – деди.
38 Билам Балаққа:
– Мине, енди сизиң алдыңызға
келдим. Қудай мениң аўзыма қан-
дай сөз салса, соны айтаман, өзли-
гимнен не айтыўым мүмкин? – деп
жуўап берди.
39 Соннан кейин, Билам Балақ
пенен бирге жолға түсип, Кир-
ят-Хусот қаласына кетти. 40 Сол
жерде Балақ буға ҳәм қойларды
қурбанлыққа шалды. Қурбанлық-
тың гөшинен Билам менен оның
қасындағы басшыларға да берди.
41 Ертеңине азанда Балақ Билам-
ды Бамот-Баал төбешигине алып
шықты. Билам ол жерден Израил
халқының бир бөлегин көрди.

### Биламның биринши айтқан сөзлери

**23** 1 Билам Балаққа:
– Усы жерде мен ушын
жети қурбанлық орын қурып, же-
ти буға менен жети қошқар таяр-
лаң, – деди.
2 Балақ оның айтқанларын исле-
ди. Балақ пенен Билам екеўи ҳәр
бир қурбанлық орынның үстинде
бир буға ҳәм бир қошқардан жан-
дырылатуғын қурбанлық қылды.
3 Кейин Билам Балаққа:
– Сиз қурбанлықларыңыздың қа-
сында турың, мен сәл арманлаў ба-
рып көрейин. Бәлким, Жаратқан
Ийе мениң менен ушырасыўға
келер. Ол маған не десе, сизге со-
ны айтаман, – деди де, төбешик-
ке шықты.

[4] Қудай Биламға көрингенде, Би-
лам Қудайға:
– Жети қурбанлық орын қурдыр-
дым, хәр бир қурбанлық орынның
үстинде бир буға хәм бир қошқар-
дан қурбанлық қылдым, – деди.
[5] Жаратқан Ийе Биламның аўзы-
на айтатуғын сөзлерин салып, оған:
– Балақтың алдына бар хәм оған
Мениң айтқан сөзлеримди жет-
киз, – деди.
[6] Солай етип, Билам Балақтың
қасына қайтып барды. Ол Балақ-
тың Моаб басшылары менен бирге
жандырылған қурбанлықтың жа-
нында турғанын көрди. [7] Сонда Би-
лам мына сөзлерди айтты:

«Моаб патшасы Балақ мени
Арамнан,
Шығыс таўларынан алып келди.
Ол: „Келип, мениң ушын Яқып
урпағын нәлетле,
Келип, Израилға жаманлық
тиле!“ – деди.
8 Қудай нәлетлемегенди
Мен қалай нәлетлеймен?
Жаратқан Ийе жаманлық
тилемегенге,
Мен қалай жаманлық тилеймен?
9 Жартаслардыңтөбесиндетурып,
көрип турман оларды,
Төбелерден қарап турман
оларға.
Өз алдына жасайтуғын,
Басқа халықлардан өзлерин
бөлек услайтуғын,
Бир халықты көрип турман.
10 Яқыптың қум сыяқлы көп
урпағын ким санай алады?
Көтерилген шаң киби сансыз
Израилды ким есаплай
алады?
Ҳақ адамлардай болып мен де
өлейин,
Ақыретим олардики киби
болсын!»

[11] Балақ Биламға:
– Маған не ислеп атырсыз өзи?
Мен сизди душпанларымды нә-
летлесин деп алып келген едим, ал
сиз болсаңыз, оларға пәтия берип
атырсыз-ғо! – деди.
[12] Билам:
– Мен Жаратқан Ийе аўзыма сал-
ған сөзди абайлап айтыўым керек
емес пе? – деп жуўап берди.

### Биламның айтқан екинши сөзи

[13] Соннан соң, Балақ оған бы-
лай деди:
– Мениң менен бирге оларды көре
алатуғын басқа жерге жүриң. Бирақ
ол жерден олардың хәммесин емес,
ал тек ғана бир бөлегин көресиз.
Сол жерде турып, Израил халқын
мениң ушын нәлетлең. [14] Солай
етип, Балақ Биламды Писга таўы-
ның төбесиндеги гүзетиў орны-
на алып барды. Балақ ол жерде де
жети қурбанлық орын қурып, хәр
бир қурбанлық орынның үстинде
бир буға хәм бир қошқардан қур-
банлық берди.
[15] Билам Балаққа:
– Сен усы жерде, жандырылату-
ғын қурбанлықтың қасында тур, ал
мен ана жерге барып, Жаратқан Ийе
менен ушырасып келемен, – деди.
[16] Жаратқан Ийе Билам менен
ушырасты хәм оның аўзына айта-
туғын сөзлерин салып:
– Балақтың алдына барып, оған
мына сөзлерди жеткиз, – деди.

[17] Солай етип, Билам Балақтың
қасына қайтып барды. Ол Балақ-
тың Моаб басшылары менен бирге
жандырылған қурбанлықтың қа-
сында турғанын көрди.
Балақ:
– Жаратқан Ийе не деди? – деп
сорады.
[18] Билам оған мына сөзлерди жет-
керди:

«Балақ, тыңлап түсинип алың,
Сиппор улы, маған қулақ салың.
19 Қудай инсан емес жалған
сөйлейтуғын,
Ол адамзат емес Өз пикирин
өзгертетуғын.
Ол Өзи айтқан сөзин әмелге
асырар,
Ўәде бергенде, сөзсиз орынлар.
20 Жарылқаў ушын маған буйрық
берди,
Өзгерте алмаспан мен Оның
жарылқаўын.
21 Яқып урпағында апат
көринбейди,
Бахытсызлық та көринбес
Израилда,
Қудайы Жаратқан Ийе олар
менен бирге,
Ол Патшасыдур олардың
арасында,
Патшалық кәрнай шертилер
арналып Оның атына.
22 Қудай оларды Мысырдан алып
шықты,
Жабайы буға сыяқлы Оның
күши бар.
23 Яқыптың урпағында
жорыўшылық жоқ,
Израилда палкерлик қылынбас.
Енди болса, Яқыптың урпағы
Израил ушын,
„Қудай нелерди иследи!“ – деп
айтылып атыр.
24 Мине, халық ана арыслан киби
оянар,
Арыслан яңлы олжасын жеп
таўыспағанша,
Өлтирген олжасының қанын
ишип болмағанша жатпас».

[25] Сонда Балақ:
– Егер Израил халқын нәлетле-
мейди екенсиз, онда оларды жа-
рылқамаң да! – деди.
[26] Билам оған:
– Саған Жаратқан Ийе не айтса,
соны айтаман деп айтқан жоқ па
едим? – деп жуўап берди.

## Биламның айтқан үшинши сөзи

[27] Балақ Биламға:
– Не болса да, жүриң, енди сизди
басқа жерге алып барайын. Бәлким,
Қудайға мақул болып, ол жерден
оларды нәлетлеўиңизге жол қояр, –
деди. [28] Солай етип, ол Биламды Пе-
ор таўының төбесине алып барды. Ол
жерден шөл дала көринетуғын еди.
[29] Билам оған:
– Бул жерде де жети қурбанлық
орын қурып, жети буға ҳәм жети қош-
қар таярлаң, – деди. [30] Балақ оның
айтқанларын иследи ҳәм ҳәр бир қур-
банлық орынның үстинде бир буға
ҳәм бир қошқардан қурбанлық берди.

# 24

[1] Билам Жаратқан Ийениң
Израил халқын жарылқаў-
ды мақул көретуғынын билгенде,
алдынғыдай барып, жорыўға урын-
бады. Ол өз нәзерин шөлге қаратты.
[2] Билам ол жақта Израилдың урыў-
урыў болып жайласқанын көрди.

Сонда Қудайдың Руўхы Биламның
үстине түсти
3 ҳәм Билам мына сөз-
лерди айтты:

«Көзи ашық Беор улы Билам,
4 Қудайдың сөзлерин еситкен,
Қүдирети күшли Қудайдың
аяны түскен,
Жерге қулаған, бирақ Қудай
көзлерин ашқан адам
сөйлейди:
5 „Яқып урпағы, шатырларың
қандай әжайып,
Израил халқы, мәкан жериңиз
қандай гөззал!
6 Олар созылғандур
пальмазардай,
Дәрья бойындағы бағы-бақша
киби,
Жаратқан Ийениң отырғызған
алоэ ағашындай,
Мегзейди суў бойындағы кедр
ағашларына.
7 Суў ыдысларынан суў толып
тасар,
Тұқымлары мол суў менен
суўғарылар.
Агагтан[а] Израил патшасы уллы
болар,
Израил патшалығы қүдиретли
болар.
8 Қудай оларды Мысырдан алып
шықты,
Жабайы буға сыяқлы күши бар
Оның.
Душпаны болған халықларды
жалмамай жутар,
Олардың сүйеклерин езип,
оқларын сындырар.
9 Израил арысландай, ана
арыслан яңлы,
Жерге ийилди де, жатты,
Оны оятыўға кимниң батылы
барар?
Сени жарылқайтуғынлар
жарылқансын,
Сени ғарғайтуғынлар ғарғысқа
ушырасын!“»

10 Биламға ғәзеби қайнаған Ба-
лақ қолларын бир-бирине урып:
– Душпанларымды нәлетлесин
деп, сизди шақырған едим. Ал сиз
болсаңыз, оларға үш мәрте пәтия
бердиңиз.
11 Енди дәрҳал үйиңизге
қайтың! Сизге саўға сыйлайман де-
ген едим, бирақ Жаратқан Ийе сиз-
ди саўғадан бос қалдырды, – деди.
12-13 Сонда Билам оған жуўап бе-
рип, былай деди:
– Маған жиберген елшилериңе: «Ба-
лақ сарайындағы барлық гүмис ҳәм
алтынды маған берсе де, Жаратқан
Ийениң буйрығысыз ҳеш қандай
жақсы да, жаман да нәрсе қылмай-
ман. Ал Жаратқан Ийе нени буйырса,
соны сөйлеймен», – деп айтқан жоқ-
пан ба?
14 Енди мен өз елиме қайта-
ман. Бирақ алдын Израил халқының
келешекте сениң халқыңа нелер ис-
лейтуғынын айтып берейин.

### Биламның төртинши мәрте айтқан сөзлери

15 Соңынан Билам мына сөзлер-
ди айтты:

«Көзи ашық Беор улы Билам,
16 Қудайдың сөзлерин еситкен,
Қудай Тааладан билим алған,
Қүдирети күшли Қудайдың
саўлатын көрген,

---

а **24:7** *Агаг* – Амалеклердиң патшасы.

Жерге қулаған, Қудай көзлерин
ашқан адам сөйлейди:
17 „Оны көрип турман, бирақ
ҳәзир емес,
Оған қарап турман, бирақ ол
жақын емес.
Яқып урпағынан бир жулдыз
шығар,
Израилдан патшалық ҳасасы
көтерилер.
Ол Моабтың көсемлерин жоқ
қылып,
Шеттиң урпағының басларын
езер.
18 Душпаны болған Эдомды
ийелеп алар,
Аўа, Сеир жеңилиске ушырар,
Ал Израил халқы күшке толар.
19 Яқып урпағынан болған адам
басшылық қылар,
Қала халқының қалғанларын
жоқ қылар“».

### Биламның ақырғы сөзлери

20 Соннан кейин, Билам амалеклерди көрип, мынадай сөзлерди айтты:

«Амалек халқы басқа халық
арасында биринши еди,
Бирақ апат болажақ оның
ақыры».

21 Кейин ол кен халқын көрип, мынадай сөз айтты:

«Сизлердиң баспанаңыз беккем,
Уяңыз жартасларға қурылған.
22 Бирақ, ҳәй кенлер, ашшур халқы
сизлерди тутқын қылғанда,
Сизлер жанып, жоқ боласызлар».

23 Билам сөзлерин және былай деп даўам етти:

«Оҳ, буны әмелге асыратуғын
Қудай болса,
Онда ким аман қалар?
24 Киттим жағаларынан кемелер
келер,
Ашшур менен эбер халқын
тәслим қылар,
Бирақ өзлери де апатқа дуўшар
болар».

25 Кейин, Билам жолға шығып, үйине қайтты. Балақ та өз жолы менен кетти.

### Израиллылардың Пеорда гүнаға батыўы

25 1 Израиллылар Шиттимде орналасып турғанда, олардың еркеклери моаблы қызлар менен бузықшылық қыла баслады.
2 Моаблы ҳаяллар израиллыларды өз қудайларына арнап беретуғын қурбанлыққа мирәт етти. Израил халқы олардың қурбанлық гөшлеринен жеди ҳәм олардың қудайларына табынды. 3 Солай етип, Израил халқы Пеордағы Баалға байланып қалды. Сол себептен Жаратқан Ийениң оларға ғәзеби қайнады.
4 Жаратқан Ийе Муўсаға:
– Бул халықтың барлық басшыларын әкелип, оларды күндиз Мениң алдымда асып қой. Усылай етип, Мениң Израил халқына болған лаўлаған ғәзебим түссин, – деди.
5 Сонда Муўса Израил басшыларына:
– Ҳәр бириңиз Пеордағы Баалға байланып қалған адамларыңызды өлтириң, – деп буйрық берди.

6 Жәмийет Ушырасыў шатыры-
ның алдында жылап турғанда, из-
раиллы бир адам мидянлы бир
ҳаялды Муўсаның ҳәм Израил
жәмийетиниң көз алдында өз ша-
тырына алып кирген еди. 7 Буны
көрген Харонның ақлығы, Элазар
улы Пинехас жәмийет арасынан
шығып, қолына бир найза алды.
8 Пинехас израиллы сол адамның
изинен барып, шатырға кирди де,
найзаны екеўине де қадады. Най-
за израиллы сол адамның денесин
тесип өтип, мидянлы сол ҳаялдың
қарнына кирген еди. Солай етип,
Израил халқын жоқ етип атыр-
ған оба тоқтады. 9 Бул обадан өл-
генлердиң саны 24 000 адам еди.
10 Жаратқан Ийе Муўсаға бы-
лай деди:
11 – Руўханий Харонның ақлығы,
Элазар улы Пинехас Израил хал-
қына болған ғәзебимди қайтарды.
Өйткени ол халықтың арасында
Мениң ушын уллы қызғанышты
көрсетти. Сол себепли, Мен Өз қыз-
ғаныўшылығым менен оларды пүт-
киллей жоқ қылмадым. 12 Сен оған
былай деп айт: Мен Пинехас пенен
тынышлық келисимимди дүземен.
13 Бул келисим бойынша Пинехас
ҳәм оның әўлады мәңги руўханий
болады. Себеби ол Қудайы ушын
қызғанышты көрсетип, Израил хал-
қынан Мениң ғәзебимди қайтарды.
14 Мидянлы ҳаял менен бирге өл-
тирилген израиллы адамның аты
Салу улы Зимрий еди. Ол Шимон
урыўындағы бир әўладтың бас-
шысы еди. 15 Ал өлтирилген ҳаял
болса, мидянлы бир тийрениң бас-
шысы болған Сурдың қызы Коз-
бий еди.
16 Жаратқан Ийе Муўсаға:
17 – Мидян халқын душпан деп
бил ҳәм оларды қырып тасла.
18 Өйткени олар сизлерге қарсы
сумлық ойлап, сизлерди Пеорда
жалған қудайларға табындырды
ҳәм өзлериниң туўысқаны болған
мидянлы тийре басшысының қызы
Козбий арқалы азғырыўға салып,
душпанлық қылды. Бул ҳаял Пе-
орда оба тарқалған ўақытта өлти-
рилген еди, – деди.

### Халықтың екинши мәрте дизимге алыныўы

26 1 Обадан кейин, Жаратқан
Ийе Муўса менен руўха-
ний Харонның улы Элазарға бы-
лай деди:
2 – Израил жәмийетиндеги са-
ўашқа жарамлы жигирма ҳәм он-
нан жоқары жастағы барлық ер
адамларды әўладлары бойынша
санап шығың!
3 Сол ўақытта Израил халқы ой-
патлықтың Моабқа тийисли бөле-
гинде, Ерихоның қарсысындағы
Иордан дәрьясының бойында еди.
Муўса менен руўханий Элазар ха-
лыққа:
4 – Жаратқан Ийениң Муўсаға
берген буйрығы бойынша, жигир-
ма ҳәм оннан жоқары жастағы ер
адамларды санап шығың, – деди.
Мысырдан шыққан израиллы-
лар мыналар еди:
5 Израилдың туңғышы Рубен
урыўынан тараған тийрелер:
Ханохтан Ханох тийреси,
Паллудан Паллу тийреси,
6 Хесроннан Хесрон тийреси,
Кармийден Кармий тийреси.
7 Рубеннен тараған тийрелер усы-

лардан ибарат болып, олардың са-
ны 43 730 адам болды.
8 Паллудың Элиаб деген улы бар
еди. 9 Элиабтың уллары Немуел, Да-
тан ҳәм Абирам еди. Булар жәми-
йеттиң сайланды адамлары болып,
Жаратқан Ийеге бойсынбай, Муўса
ҳәм Харонға қарсы шыққан Қорах
ҳәм оның шериклерине қосылған Да-
тан менен Абирам еди. 10 Сол ўақыт-
та жер жарылып, Қорах пенен бирге
оларды да жер жутып жиберген еди.
Сол күни от Қорахтың еки жүз елиў
шериклерин жағып жоқ қылған еди.
Солай етип, бул басқаларға ескертиў
болып қалды. 11 Бирақ Қорахтың ул-
лары аман қалған еди.
12 Шимон урыўынан келип шық-
қан тийрелер мыналар:
Немуелден Немуел тийреси,
Яминнен Ямин тийреси,
Яхиннен Яхин тийреси,
13 Зерахтан Зерах тийреси,
Шаулдан Шаул тийреси.
14 Шимон урыўынан тараған тий-
релер усылардан ибарат болып,
олардың саны 22 200 адам болды.
15 Гад урыўынан келип шыққан
тийрелер мыналар:
Сефоннан Сефон тийреси,
Хаггийден Хаггий тийреси,
Шунийден Шуний тийреси,
16 Озниййден Озний тийреси,
Эрийден Эрий тийреси,
17 Ародтан Арод тийреси,
Арелийден Арелий тийреси.
18 Гад урыўынан тараған тийрелер
усылардан ибарат болып, олардың
саны 40 500 адам болды.
19 Яҳуданың Эр ҳәм Онан деген
еки улы Қанан елинде қаза бол-
ған еди. 20 Яҳуда урыўынан келип
шыққан тийрелер мыналар:
Шеладан Шела тийреси,
Перестен Перес тийреси,
Зерахтан Зерах тийреси.
21 Перестен тараған тийрелер мы-
налар:
Хесроннан Хесрон тийреси,
Хамулдан Хамул тийреси.
22 Яҳуда урыўынан тараған тий-
релер усылардан ибарат болып,
олардың саны 76 500 адам болды.
23 Иссахар урыўынан келип шық-
қан тийрелер мыналар:
Толадан Тола тийреси,
Пуўадан Пуўа тийреси,
24 Яшубтан Яшуб тийреси,
Шимроннан Шимрон тийреси.
25 Иссахар урыўынан тараған тий-
релер усылардан ибарат болып,
олардың саны 64 300 адам болды.
26 Зебулон урыўынан келип шық-
қан тийрелер мыналар:
Середтен Серед тийреси,
Элоннан Элон тийреси,
Яхлеелден Яхлеел тийреси.
27 Зебулон урыўынан тараған тий-
релер усылардан ибарат болып,
олардың саны 60 500 адам болды.
28 Юсуптиң уллары Менашше ҳәм
Эфрайымнан келип шыққан тий-
релер мыналар:
29 Менашше урыўынан келип
шыққан тийрелер мыналар:
Махирден Махир тийреси.
Махир Гиладтың әкеси еди.
Гиладтан Гилад тийреси.
30 Гиладтан тараған тийрелер:
Иезерден Иезер тийреси,
Хелектен Хелек тийреси,
31 Асриелден Асриел тийреси,
Шехемнен Шехем тийреси,
32 Шемидадан Шемида тийреси,
Хеферден Хефер тийреси.
33 Хефердиң улы Селофехадтың

ул перзентлери болмады, оның
тек ғана Махла, Ноа, Хогла, Мил-
ка ҳәм Тирса деген қызлары бол-
ды. 34 Менашше урыўынан тараған
тийрелер усылардан ибарат болып,
олардың саны 52 700 адам болды.
35 Эфрайым урыўынан келип
шыққан тийрелер мыналар:
Шутелахтан Шутелах тийреси,
Бехерден Бехер тийреси,
Таханнан Тахан тийреси.
36 Шутелахтан тараған тийре:
Эраннан Эран тийреси.
37 Эфрайым урыўынан тараған
тийрелер усылардан ибарат болып,
олардың саны 32 500 адам болды.
Тийрелери бойынша Юсуптиң
урпағынан келип шыққан тийре-
лер усылар еди.
38 Бенямин урыўынан келип
шыққан тийрелер мыналар:
Беладан Бела тийреси,
Ашбелден Ашбел тийреси,
Ахирамнан Ахирам тийреси,
39 Шефуфамнан Шефуфам тий-
реси,
Хуфамнан Хуфам тийреси.
40 Беланың уллары Ард ҳәм Наа-
маннан келип шыққан тийрелер:
Ардтан Ард тийреси,
Нааманнан Нааман тийреси.
41 Бенямин урыўынан тараған тий-
релер усылардан ибарат болып,
олардың саны 45 600 адам болды.
42 Дан урыўынан келип шыққан
тийрелер мыналар:
Шухамнан Шухам тийреси.
Дан урыўынан тараған тийре усы-
дан ибарат еди. 43 Дан урыўы Шу-
хам тийресинен ибарат болып,
олардың саны 64 400 адам болды.
44 Ашер урыўынан келип шық-
қан тийрелер мыналар:
Имнадан Имна тийреси,
Ишўийден Ишўий тийреси,
Бериадан Бериа тийреси.
45 Бериадан келип шыққан тий-
релер:
Хеберден Хебер тийреси,
Малкиелден Малкиел тийреси.
46 Ашердиң Серах атлы бир қызы
бар еди. 47 Ашер урыўынан тараған
тийрелер усылардан ибарат болып,
олардың саны 53 400 адам болды.
48 Нафталий урыўынан келип
шыққан тийрелер мыналар:
Яхсиелден Яхсиел тийреси,
Гунийден Гуний тийреси,
49 Есерден Есер тийреси,
Шиллемнен Шиллем тийреси.
50 Нафталий урыўынан тараған
тийрелер усылардан ибарат болып,
олардың саны 45 400 адам болды.
51 Солай етип, есаптан өткен из-
раиллы ер адамлардың барлығы
601 730 адам болды.
52 Жаратқан Ийе Муўсаға бы-
лай деди:
53 – Оларға адам саны бойынша
жерди үлес етип бөлип бер. 54 Адам
саны көп болған урыўға үлкен, саны
аз болған урыўға киши үлес жер бе-
ресең. Ҳәр бир урыўға есаптан өт-
кен адам санына қарай жер үлеси
берилсин. 55 Жер шек бойынша бө-
листирип берилсин. Ҳәр бир урыў өз
үлес жерин бабасының аты бойын-
ша алыўы тийис. 56 Ҳәр бир урыў-
дың үлеси үлкен-кишисине қарап,
шек бойынша бөлистирип берилсин.
57 Тийрелери бойынша есаптан
өткен Лебий урыўының урпақла-
ры мыналар:
Гершоннан Гершон тийреси,
Қоҳаттан Қоҳат тийреси,
Мерарийден Мерарий тийреси.

58 Мыналар да Лебийге тийисли
тийрелер: Либний тийреси, Хеб-
рон тийреси, Махлий тийреси,
Муший тийреси, Қорах тийреси.
Қоҳат Амрамның әкеси еди.
59 Амрамның ҳаялы Иохебед еди.
Ол Лебий урыўынан болып, Мысыр-
да туўылған еди. Иохебед Амрамға
Харон ҳәм Муўса деген еки ул ҳәм
Мәриям деген бир қыз туўып бер-
ген еди. 60 Харонның Надаб, Абиҳу,
Элазар ҳәм Итамар деген уллары бар
еди. 61 Надаб пенен Абиҳу Жаратқан
Ийе буйырмаған отты Оның алды-
на алып келгени ушын өлген еди.
62 Лебий урыўындағы бир айлық
ҳәм оннан жоқары жастағы барлық
ер адамлардың саны 23 000 бол-
ды. Олар басқа израиллылар ме-
нен бирге есаптан өтпеди. Өйткени
оларға басқа израиллылар менен
бир қатар үлес жер берилмеген еди.
63 Ойпатлықтың Моабқа тийис-
ли бөлегинде, Ерихо қарсысында-
ғы Иордан дәрьясының бойында
Муўса менен руўханий Элазардың
есаптан өткерген Израил халқы
усылардан ибарат еди. 64 Бирақ
бул есаптан өткенлердиң арасында
Муўса менен руўханий Харонның
Синай шөлинде есаптан өткерген
израиллылардан биреўи де жоқ
еди. 65 Себеби Жаратқан Ийе сол
ўақытта олардың шөлде пүткиллей
қырылып кететуғынын айтқан еди.
Олардан Ефунне улы Калеб пенен
Нун улы Ешуадан басқа ҳеш ким
аман қалмаған еди.

### Селофехадтың қызлары

27 1 Юсуп улы Менашшениң
урыўынан болған Махир-
диң шаўлығы, Гиладтың ақлығы,
Хефердиң улы болған Селофехад
деген адамның қызлары бар еди.
Олардың атлары Махла, Ноа, Хог-
ла, Милка ҳәм Тирса еди. 2 Бир
күни Селофехадтың қызлары
Ушырасыў шатырының алдына,
Муўсаның, руўханий Элазардың,
көсемлердиң ҳәм пүткил жәмийет-
тиң алдына келип, былай деди:
3 – Әкемиз шөлде қайтыс болған
еди. Ол Жаратқан Ийеге көтерилис
қылған Қорахтың шериклеслери-
ниң арасында болған жоқ еди, ал
өз гүнасы себепли қайтыс болған
еди. Оның ул перзенти болмады.
4 Ул перзенти болмағаны ушын әке-
миздиң аты өз тийреси арасынан
өшип қалыўы керек пе? Әкемиздиң
туўысқанлары менен қоса бизлер-
ге де жер үлес бериң.
5 Муўса олардың талабын
Жаратқан Ийеге жеткерди.
6 Жаратқан Ийе Муўсаға былай
деди:
7 – Селофехадтың қызлары дурыс
айтып атыр. Оларға әкесиниң ту-
ўысқанлары менен бир қатар мий-
рас қылып, үлес жер бер. Әкесиниң
жер үлеси оларға берилсин. 8 Из-
раиллыларға былай деп айт: Егер
ким де ким ул перзенти болмай
қайтыс болса, оның мүлки қызы-
на берилсин. 9 Егер қызы болма-
са, оның мүлки туўысқанларына
берилсин. 10 Егер оның туўысқан-
лары болмаса, әкесиниң туўыс-
қанларына берилсин. 11 Ал егер
әкесиниң туўысқанлары болмаса,
оның мүлки өзине ең жақын болған
тийрелес ағайинине берилсин. Сол
ағайини мийрасхор болсын. Муўса-
ға буйырғанымдай, бул израиллы-
лар ушын қағыйда болып қалсын.

### Ешуаның Муўсаның орнына тайынланыўы

*(Нзм 31:1-8)*

[12] Соннан соң, Жаратқан Ийе
Муўсаға:
– Абарим таўына шығып, израил-
лыларға беретуғын елге қара. [13] Сол
елди көргениңнен соң, әжағаң Ха-
рон сыяқлы сен де өлип, ата-баба-
ларыңа қосыласаң. [14] Себеби Харон
екеўиңиз де Зин шөлинде буйрығы-
ма қарсы шыққан едиңиз. Жәмийет
суў бойында Маған көтерилис қыл-
ғанда, сизлер олардың көз алдын-
да Мениң мухаддеслигиме ҳүрмет
көрсетпедиңлер, – деди. Бул ўақыя
Зин шөлинде, Қадештеги Мериба
суўлары бойында болған еди.
[15] Муўса Жаратқан Ийеге бы-
лай деди:
[16] – Жаратқан Ийе, пүткил адам-
затқа жан берген Қудай, бул жәми-
йетке бир басшы тайынла. [17] Ол
адам жәмийеттиң алдында жүрип,
оларға басшылық қылсын. Солай
етип, Жаратқан Ийениң, яғный
Сениң жәмийетиң шопансыз қой-
лардай болып қалмасын.
[18] Сонда Жаратқан Ийе былай
деди:
– Руўхый күшли адамды – Нун
улы Ешуаны жаныңа ал ҳәм оған
қолыңды қой. [19] Соннан кейин, оны
руўханий Элазар менен пүткил жә-
мийеттиң алдына шығарып, олар-
дың көз алдында оны хызметке
тайынла. [20] Пүткил Израил жәми-
йети оған бойсыныўы ушын, Еш-
уаға өз бийлигиңнен бер. [21] Бирақ
Ешуа руўханий Элазардың алдына
барып, хабарласатуғын болсын.
Элазар Урим[a] арқалы Ешуа ушын
Мениң еркимди билип берсин.
Усылай етип, Ешуа ҳәм пүткил Из-
раил жәмийети барлық жағдайда
усыған қарап ис тутсын.
[22] Муўса Жаратқан Ийениң өзи-
не буйырғанындай етип орынлады.
Ол Ешуаны руўханий Элазардың
ҳәм пүткил жәмийеттиң алды-
на тик турғызып қойды. [23] Кейин
Жаратқан Ийениң буйрығы бо-
йынша Муўса Ешуаның үстине
қолларын қойып, оны хызметке
тайынлады.

### Күнделикли қурбанлықлар

**28** [1] Жаратқан Ийе Муўсаға
былай деди:
[2] – Израиллыларға буйрық берип,
былай деп айт: «Маған усынатуғын
қурбанлықты, яғный аўқатты хош
ийисли сый ретинде белгиленген
ўақытта алып келиң».
[3] Оларға және былай деп айт:
«Жаратқан Ийеге беретуғын сый
мынадан ибарат: күнделикли бери-
летуғын жандырылатуғын қурбан-
лық ушын ҳәр күни бир жасар еки
минсиз еркек тоқлы алып келиң.
[4] Тоқлылардың биреўин азанда,
екиншисин кеште қурбанлық қы-
лың. [5] Ҳәр бир тоқлы менен бирге
ғәлле садақасы етип төрттен бир
ҳин сапалы зәйтүн майына ара-
ластырылған оннан бир эфа сапа-
лы уннан усының. [6] Бул – Синай
таўында буйырылған күнделик-
ли берилетуғын жандырылату-
ғын қурбанлық, Жаратқан Ийеге

---

a **27:21** *Урим* – бул Қудайдың еркин билиў ушын арналған тас болып, оны шек таслаў жолы менен қолланған болыўы мүмкин.

хош ийисли сый болады. 7 Ҳәр бир
тоқлы менен бирге ишимлик сада-
қасы ушын төрттен бир ҳин ша-
рап усының. Ишимлик садақасын
Жаратқан Ийеге арнап Мухаддес
жерде қуйың. 8 Екинши тоқлыны
кеште қурбанлық қылың. Азанғы
қурбанлық сыяқлы, бул қурбан-
лыққа қосып, белгиленген муғдар-
да ғәлле ҳәм ишимлик садақасын
бериң. Бул қурбанлықты Жаратқан
Ийеге хош ийисли сый ретинде
усының».

### Шаббат қурбанлықлары

9 «Ал Шаббат күни бир жасар
минсиз еки еркек тоқлы менен бир-
ге ғәлле садақасы етип зәйтүн ма-
йы араластырылған оннан еки эфа
сапалы ун ҳәм ишимлик садақасын
бериң. 10 Күнделикли берилетуғын
жандырылатуғын қурбанлық пе-
нен ишимлик садақасынан тысқа-
ры ҳәр Шаббат күни берилетуғын
жандырылатуғын қурбанлық усы-
дан ибарат».

### Жаңа ай қурбанлықлары

11 «Ҳәр айдың биринши күни
Жаратқан Ийеге арнап жандыры-
латуғын қурбанлық ушын ҳәр бири
минсиз болған еки буға, бир қош-
қар ҳәм бир жасардан болған жети
еркек тоқлы усының. 12 Бул қур-
банлықларға қосып белгиленген
муғдарда зәйтүн майы араласты-
рылған сапалы унды ғәлле садақа-
сы етип усының: ҳәр бир буға менен
оннан үш эфа ун, қошқар менен
оннан еки эфа ун, 13 ҳәр бир тоқ-
лы менен оннан бир эфа ун. Бул –
Жаратқан Ийеге хош ийисли сый
ҳәм жандырылатуғын қурбанлық
болады. 14 Ҳәр бир буға менен бирге
ишимлик садақасы етип ярым ҳин,
ҳәр бир қошқар менен бирге үш-
тен бир ҳин, ҳәр бир тоқлы менен
бирге төрттен бир ҳин шарап усы-
ның. Бул жыл даўамында жаңа ай-
да берилетуғын жандырылатуғын
қурбанлық болады. 15 Күнделик-
ли берилетуғын жандырылату-
ғын қурбанлық пенен ишимлик
садақасынан тысқары, Жаратқан
Ийеге гүна қурбанлығы ушын бир
теке усының».

### Қутқарылыў асы ҳәм Ашытқысыз нан байрамы

16 «Биринши айдың он төртин-
ши күни Жаратқан Ийеге арнал-
ған Қутқарылыў байрамы. 17 Он
бесинши күни жети күнлик байрам
басланады, сизлер усы жети күн да-
ўамында ашытқысыз нан жеўиңиз
керек. 18 Байрамның биринши күни
мухаддес жыйналыс болсын, күн-
деликли жумысыңызды ислемең.
19 Жаратқан Ийе ушын жандыры-
латуғын қурбанлық етип еки бу-
ға, бир қошқар ҳәм бир жасардан
болған жети еркек тоқлы усының.
Бул ҳайўанлардың ҳәммеси мин-
сиз болсын. 20 Ҳәр бир буға менен
бирге ғәлле садақасы етип, зәй-
түн майы араластырылған оннан
үш эфа сапалы ун, ҳәр бир қошқар
менен бирге оннан еки эфа сапалы
ун, 21 ҳәр бир тоқлы менен бирге
оннан бир эфа сапалы уннан алып
келиң. 22 Өзлериңизди гүнадан пәк-
леў ушын гүна қурбанлығы етип
бир теке усының. 23 Буларды ҳәр
күни азанда усынатуғын жанды-
рылатуғын қурбанлығыңыз бенен
бирге усының. 24 Солай етип, жети

күн даўамында ҳәр күни Жаратқан
Ийеге аўқат сыпатында хош ийис-
ли сый усының. Буны күнделикли
жандырылатуғын қурбанлық пенен
ишимлик садақасынан тысқары
усының. [25] Жетинши күни мухад-
дес жыйналыс қылып, күнделик-
ли жумысларыңызды ислемеңлер».

## Ҳәптелер байрамының қурбанлықлары

[26] «Дәслепки өнимди нышан-
лайтуғын Ҳәптелер байрамында
Жаратқан Ийеге таза бийдай зү-
рәәтинен садақа усынғаныңызда,
мухаддес жыйналыс қылың. Сол
күни күнделикли жумысларыңыз-
ды ислемеңлер. [27] Жаратқан Ийеге
хош ийисли сый болыўы ушын еки
буға, бир қошқар ҳәм бир жасардан
болған жети еркек тоқлыны жан-
дырылатуғын қурбанлық етип усы-
ның. [28] Бул қурбанлықларға қосып
белгиленген муғдарда зәйтүн майы
араластырылған сапалы уннан ғәл-
ле садақасы етип усының: ҳәр бир
буға менен оннан үш эфа ун, қош-
қар менен оннан еки эфа ун, [29] ҳәр
бир тоқлы менен оннан бир эфа ун.
[30] Өзлериңизди гүнадан пәклеўи-
ңиз ушын бир теке усының. [31] Бул
қурбанлықларды ҳәм оған қосып
берилетуғын ишимлик садақала-
рын күнделикли жандырылатуғын
қурбанлық пенен ғәлле садақасы-
нан тысқары усының. Қурбанлық-
қа алып келетуғын ҳайўанларыңыз
минсиз болсын».

## Кәрнай байрамы

**29** [1] «Жетинши айдың би-
ринши күни мухаддес
жыйналыс қылың, күнделикли
жумысларыңызды ислемең. Сол
күни сизлер ушын кәрнай шерти-
летуғын күн болсын. [2] Жаратқан
Ийеге хош ийисли сый болыўы
ушын минсиз бир буға, бир қош-
қар ҳәм бир жасардан болған жети
еркек тоқлыны жандырылатуғын
қурбанлық етип усының. [3] Буға
менен бирге ғәлле садақасы ушын
зәйтүн майы араластырылған он-
нан үш эфа сапалы ун, қошқар ме-
нен бирге оннан еки эфа сапалы ун,
[4] ҳәр бир тоқлы менен бирге оннан
бир эфа сапалы ун алып келиң.
[5] Өзлериңизди гүналардан пәклеў
ушын гүна қурбанлығы етип бир
теке усының. [6] Қағыйда бойынша
ҳәр бир айда ҳәм күнделикли бе-
рилетуғын жандырылатуғын қур-
банлық пенен ишимлик садақасы
ҳәм ғәлле садақасынан тысқары
усыларды қурбанлыққа бериң. Бу-
лар – Жаратқан Ийеге хош ийисли
сый болады».

## Гүнадан пәклениў күни усынылатуғын қурбанлықлар

[7] «Жетинши айдың оныншы күни
мухаддес жыйналыс қылың. Сол
күни ораза тутып, ҳеш қандай жу-
мыс ислемең. [8] Жаратқан Ийеге
хош ийисли сый ушын бир буға,
бир қошқар ҳәм ҳәр бири бир жа-
сардан болған жети тоқлыны жан-
дырылатуғын қурбанлық қылып
усының. Қурбанлыққа берилету-
ғын бул ҳайўанлар минсиз болсын.
[9] Буға менен бирге берилетуғын
ғәлле садақасы ушын зәйтүн майы
араластырылған оннан үш эфа са-
палы ун, қошқар менен бирге он-
нан еки эфа сапалы ун, [10] ҳәр бир
тоқлы менен бирге оннан бир эфа

сапалы уннан усының. 11 Гүна қур-
банлығы ушын бир теке усының.
Бул қурбанлықлар гүналарыңыз-
дан пәклениў ушын берилген гү-
на қурбанлығынан, күнделикли
жандырылатуғын қурбанлық пе-
нен ишимлик ҳәм ғәлле садақала-
рынан тысқары берилсин».

## Қос байрамында берилетуғын қурбанлықлар

12 «Жетинши айдың он бесинши
күни мухаддес жыйналыс қылың.
Сол күни күнделикли жумысла-
рыңызды ислемең. Жети күн да-
ўамында Жаратқан Ийеге арнап
байрам қылың. 13 Биринши күни
Жаратқан Ийеге хош ийисли сый
ушын он үш буға, еки қошқар ҳәм
ҳәр бири бир жасардан болған он
төрт еркек тоқлыны жандырылату-
ғын қурбанлық етип усының. Бул
ҳайўанлар минсиз болсын. 14 Ҳәр
бир буға менен бирге берилету-
ғын ғәлле садақасы ушын зәйтүн
майы араластырылған оннан үш
эфа сапалы ун, ҳәр бир қошқар ме-
нен бирге оннан еки эфа сапалы ун,
15 ҳәр бир тоқлы менен бирге он-
нан бир эфа сапалы уннан усының.
16 Гүна қурбанлығы ушын бир теке
усының. Бул қурбанлықлар күн-
деликли жандырылатуғын қур-
банлық пенен ғәлле ҳәм ишимлик
садақаларынан тысқары берилсин.
17 Екинши күни он еки буға, еки
қошқар ҳәм ҳәр бири бир жасар-
дан болған он төрт еркек тоқлыны
усының. Бул ҳайўанлардың ҳәмме-
си минсиз болсын. 18 Ҳәр бир буға,
қошқар ҳәм тоқлы менен бирге са-
нына қарай белгиленген муғдарда
ғәлле ҳәм ишимлик садақаларын
усының. 19 Гүна қурбанлығы ушын
бир теке усының. Бул қурбанлықлар
күнделикли жандырылатуғын қур-
банлық пенен ғәлле ҳәм ишимлик
садақаларынан тысқары берилсин.
20 Үшинши күни он бир буға, еки
қошқар ҳәм ҳәр бири бир жасар-
дан болған он төрт еркек тоқлыны
қурбанлық қылың. Бул ҳайўанлар-
дың ҳәммеси минсиз болсын. 21 Ҳәр
бир буға, қошқар ҳәм тоқлы менен
бирге санына қарай белгиленген
муғдарда ғәлле ҳәм ишимлик сада-
қаларын усының. 22 Гүна қурбан-
лығы ушын бир теке усының. Бул
қурбанлықлар күнделикли жан-
дырылатуғын қурбанлық пенен
ғәлле ҳәм ишимлик садақалары-
нан тысқары берилсин.
23 Төртинши күни он буға, еки
қошқар ҳәм ҳәр бири бир жасар-
дан болған он төрт еркек тоқлыны
қурбанлық қылың. Бул ҳайўанлар-
дың ҳәммеси минсиз болсын. 24 Ҳәр
бир буға, қошқар ҳәм тоқлы менен
бирге санына қарай белгиленген
муғдарда ғәлле ҳәм ишимлик сада-
қаларын усының. 25 Гүна қурбан-
лығы ушын бир теке усының. Бул
қурбанлықлар күнделикли жан-
дырылатуғын қурбанлық пенен
ғәлле ҳәм ишимлик садақалары-
нан тысқары берилсин.
26 Бесинши күни тоғыз буға, еки
қошқар ҳәм ҳәр бири бир жасар-
дан болған он төрт еркек тоқлыны
қурбанлық қылың. Бул ҳайўанлар-
дың ҳәммеси минсиз болсын. 27 Ҳәр
бир буға, қошқар ҳәм тоқлы менен
бирге санына қарай белгиленген
муғдарда ғәлле ҳәм ишимлик сада-
қаларын усының. 28 Гүна қурбан-
лығы ушын бир теке усының. Бул

қурбанлықлар күнделикли жан-
дырылатуғын қурбанлық пенен
ғәлле ҳәм ишимлик садақалары-
нан тысқары берилсин.
29 Алтыншы күни сегиз буға, еки
қошқар ҳәм ҳәр бири бир жасар-
дан болған он төрт еркек тоқлыны
қурбанлық қылың. Бул ҳайўанлар-
дың ҳәммеси минсиз болсын. 30 Ҳәр
бир буға, қошқар ҳәм тоқлы менен
бирге санына қарай белгиленген
муғдарда ғәлле ҳәм ишимлик сада-
қаларын усының. 31 Гүна қурбан-
лығы ушын бир теке усының. Бул
қурбанлықлар күнделикли жан-
дырылатуғын қурбанлық пенен
ғәлле ҳәм ишимлик садақалары-
нан тысқары берилсин.
32 Жетинши күни жети буға, еки
қошқар ҳәм ҳәр бири бир жасар-
дан болған он төрт еркек тоқлыны
қурбанлық қылың. Бул ҳайўанлар-
дың ҳәммеси минсиз болсын. 33 Ҳәр
бир буға, қошқар ҳәм тоқлы менен
бирге санына қарай белгиленген
муғдарда ғәлле ҳәм ишимлик сада-
қаларын усының. 34 Гүна қурбан-
лығы ушын бир теке усының. Бул
қурбанлықлар күнделикли жан-
дырылатуғын қурбанлық пенен
ғәлле ҳәм ишимлик садақалары-
нан тысқары берилсин.
35 Сегизинши күни салтанат-
лы жыйналыс қылың, күнделик-
ли жумысларыңызды ислемеңлер.
36 Жаратқан Ийеге хош ийисли сый
ушын бир буға, бир қошқар ҳәм
ҳәр бири бир жасардан болған же-
ти еркек тоқлыны жандырылату-
ғын қурбанлық етип усының. Бул
ҳайўанлар минсиз болсын. 37 Ҳәр
бир буға, қошқар ҳәм тоқлы менен
бирге санына қарай белгиленген
муғдарда ғәлле ҳәм ишимлик сада-
қаларын усының. 38 Гүна қурбан-
лығы ушын бир теке усының. Бул
қурбанлықлар күнделикли жан-
дырылатуғын қурбанлық пенен
ғәлле ҳәм ишимлик садақалары-
нан тысқары берилсин.
39 Усы қурбанлықлардың бар-
лығын – ўәде бойынша берилe-
туғын қурбанлық ҳәм ықтыярлы
қурбанлықларыңыздан тысқары
жандырылатуғын қурбанлық бол-
сын, ғәлле ҳәм ишимлик садақалар
болсын, татыўлық қурбанлық бол-
сын Жаратқан Ийеге белгиленген
ўақытта алып келиң».

**30** 1 Солай етип, Муўса
Жаратқан Ийениң өзине
буйырған ҳәр бир сөзин израил-
лыларға жеткерди.

### Ўәделерге байланыслы қағыйдалар

2 Муўса Израилдың урыў басшы-
ларына былай деди:
– Жаратқан Ийе былай деп буйыр-
ды: 3 «Егер ким де ким Жаратқан
Ийеге ўәде берсе ямаса өзин бир
нәрседен тыйыў ушын ант ишсе, ол
өз ўәдесин бузбай, айтқан сөзлери-
ниң ҳәммесин орынласын.
4 Егер бир қыз әкесиниң үйинде
жасап атырған ўақтында, Жаратқан
Ийеге ўәде берсе ямаса өзин бир
нәрседен тыйыў ушын ант ишсе,
5 әкеси оның Жаратқан Ийеге бер-
ген ўәдесин ямаса өзин бир нәр-
седен тыйыў ушын берген антын
еситип, оған қарсы шықпаса, онда
қыздың берген ўәдеси ҳәм анты өз
күшинде қалады. 6 Ал егер қыздың
әкеси оның берген ўәдесин ҳәм өзин

бир нәрседен тыйыў ушын берген
антын еситкен күни қадаған қылса,
қыздың берген ўәдеси ҳәм анты өз
күшинде қалмайды. Әкеси қызы-
ның антын қадаған қылғаны ушын,
Жаратқан Ийе қызды кеширеди.
7 Егер қыз ўәде бергеннен соң
ямаса ойланбастан өзин бир нәр-
седен тыйыў ушын ант ишкеннен
кейин турмысқа шықса, 8 оның кү-
йеўи усы ҳаққында еситкен күни
қарсы шықпаса, онда қыздың бер-
ген ўәдеси ҳәм анты өз күшинде
қалады. 9 Ал егер қыздың күйеўи
усы ҳаққында еситкен күни қада-
ған қылса, қыздың берген ўәдеси
ҳәм анты өз күшинде қалмайды.
Жаратқан Ийе қызды кеширеди.
10 Жесир яки күйеўинен айыры-
лысқан ҳаялдың берген ўәдеси яма-
са өзин бир нәрседен тыйыў ушын
берген анты өз күшинде қалады.
11 Егер күйеўи менен бирге жа-
сап атырған ҳаял ўәде берсе яма-
са бир нәрседен өзин тыйыў ушын
ант ишсе, 12 оның күйеўи бул ҳақ-
қында еситип, оған қарсы шық-
паса, онда ҳаялдың берген ўәдеси
ҳәм ишкен ҳәр бир анты өз күшин-
де қалады. 13 Ал егер оның күйеўи
бул ҳаққында еситкен күни буны
бийкарласа, ҳаялдың берген ўә-
деси ҳәм ишкен анты өз күшинде
қалмайды. Күйеўи буларды бий-
карлағаны ушын, Жаратқан Ийе
ҳаялды кеширеди. 14 Солай етип,
күйеўи ҳаялының берген ўәдесин
ямаса бир нәрседен өзин тыйыў
ушын ишкен антын орынлаўына
рухсат бериўи де, оны бийкар қы-
лыўы да мүмкин. 15 Егер күйеўи бир
күн ишинде бул мәселеде ҳаялына
қарсы шықпаса, онда ҳаялының
берген барлық ўәделерин ямаса
бир нәрседен өзин тыйыўы ушын
ишкен антын тастыйықлап, рухсат
берген болады. Себеби ол буларды
еситкен күни ҳаялына қарсы шық-
пай, оны мақуллаған болып есап-
ланады. 16 Бирақ күйеўи буларды
еситкеннен кейин ертеңине бий-
карласа, ол ҳаялының айыбына
өзи жуўапкер болады».
17 Ерли-зайыплылардың ҳәм әке-
си менен үйинде жасап атырған
қыздың арасындағы қарым-қатнас-
ларға тийисли Жаратқан Ийениң
Муўсаға буйырған қағыйдалары
усылардан ибарат.

### Мидянлылардан өш алыў

**31** 1 Жаратқан Ийе Муўсаға
былай деди:
2 – Мидянлылардан израиллы-
лардың өшин ал, соннан кейин бул
дүньядан көз жумып, өз ата-баба-
ларыңа қосыласаң.
3 Соннан кейин, Муўса халыққа:
– Мидянлыларға барып, олар-
дан Жаратқан Ийениң өшин алыў
ушын өз адамларыңызды урысқа
алып шығың. 4 Израилдың ҳәр бир
урыўынан мың адамнан урысқа
жибериң, – деди.
5 Солай етип, Израилдың ҳәр бир
урыўынан мың адамнан, он еки
мың адам таңлап алынып, урысқа
таяр болып турды. 6 Муўса оларды
ҳәм руўханий Элазар улы Пине-
хасты урысқа жиберди. Пинехас
өзи менен бирге мухаддес орын-
ға тийисли базы буйымларды ҳәм
дабыл қағып белги беретуғын кәр-
найларды алып кетти.
7 Израиллылар Жаратқан Ийе-
ниң Муўсаға берген буйрығы

бойынша мидянлыларға қарсы
саўаш ашып, олардың барлық ер-
кеклерин қырып таслады. [8] Өлти-
рилгенлердиң арасында Мидянның
бес патшасы – Эўий, Рекем, Сур,
Хур ҳәм Реба да бар еди. Олар Беор
улы Биламды да қылыш пенен өл-
тирди. [9] Израиллылар мидян хал-
қының ҳаяллары менен балаларын
тутқын қылып, барлық малларын,
сүриўлерин ҳәм мүликлерин олжа
қылып алды. [10] Мидянлылардың
жасап атырған барлық қалалары
менен ордаларына от берди. [11] Олар
адамларды, ҳайўанларды ҳәм ол-
жа қылып алған барлық мүлик-
лерди өзлери менен алып кетти.
[12] Бул тутқынларды ҳәм олжа қы-
лып алған мал-мүликлерди Иор-
дан дәрьясының бойына, Муўса
менен руўханий Элазар ҳәм Из-
раил жәмийети жыйналған Ерихо
қаласының қарсысында жайласқан
ойпатлықтың Моабқа тийисли бө-
легиндеги ордаға алып келди.

[13] Муўса, руўханий Элазар ҳәм
жәмийет басшылары оларды қар-
сы алыў ушын орданың сыртына
шықты. [14] Бирақ Муўса саўаштан
қайтқан орда сәркәрдаларына –
мыңбасыларға ҳәм жүзбасыларға
ғәзепленди.

[15] Муўса оларға былай деди:

– Не ушын барлық ҳаялларды
аман қалдырдыңыз?! [16] Бул ҳаял-
лар Биламның берген мәсләҳәти
бойынша Пеор таўында израил-
лылардың Жаратқан Ийеге қыя-
нет етиўине себеп болған еди. Сол
себепли Жаратқан Ийениң жәми-
йети арасында өлим обасы ҳәўиж
алған еди. [17] Енди барлық ул бала-
ларды ҳәм еркек көрген ҳаялларды
өлтириң. [18] Тек ғана еркекке жа-
қынласпаған жас қызларды өзле-
риңиз ушын аман қалдырың.

[19] Соңынан араңыздағы адам өл-
тирген ямаса өлиге жантасқан ҳәр
бир адам жети күн даўамында ор-
даның сыртында қалсын. Үшинши
ҳәм жетинши күни өзлериңизди
де, тутқынларыңызды да пәклең.
[20] Және де, барлық кийимлерди, те-
риден, ешки жүнинен ҳәм ағаштан
исленген ҳәмме затларды пәклең.

[21] Кейин руўханий Элазар саўаш-
тан қайтқан ләшкерлерге былай
деди:

– Жаратқан Ийениң Муўсаға бу-
йырған нызамының талаплары
мыналардан ибарат: [22] алтын, гү-
мис, мыс, темир, қалайы, қорға-
сын – [23] отқа жанбайтуғын барлық
затларды оттан өткерип, ҳадаллап
алың, сонда олар ҳадал саналады.
Соның менен бирге, оларды пәк-
леў суўы менен де ҳадаллаң. Отқа
жанатуғын затларды суўдың өзи
менен ҳадаллап алың. [24] Жетин-
ши күни кийимлериңизди жуўың.
Сонда сизлер пәк саналасызлар.
Кейин сизлер ордаға қайтып ке-
лиўиңизге болады.

## Олжаға түскен мүликлердиң үлестирилиўи

[25] Жаратқан Ийе Муўсаға бы-
лай деди:

[26] – Сен, руўханий Элазар ҳәм жә-
мийеттиң әўлад басшылары қолға
түскен тутқынлар менен олжаға
түскен малларды есаплап шығың.
[27] Қолға киргизгенлериңизди тең-
дей екиге бөлип, саўашқа қатнас-
қан ләшкерлер менен жәмийеттиң
қалған адамларына бөлистирип

бериң. 28 Саўашқа қатнасқан ләш-
керлердиң пайына түскен тут-
қынлардан, мал, ешек ҳәм майда
малдан Жаратқан Ийеге, Маған бес
жүзден биреўин пай қылып айы-
рып бериң. 29 Әскерлерден алын-
ған усы пайды Маған ажыратылған
түрде руўханий Элазарға бериң.
30 Израиллыларға түскен жарты
пайдан – адамлардан, мал, ешек
ҳәм майда малдан, яғный барлық
ҳайўанлардан елиўден биреўин
алып, Мениң Мухаддес шатырым-
ның жумысына жуўапкер болған
лебийлилерге бериң.

31 Муўса менен руўханий Элазар
Жаратқан Ийениң Муўсаға буйыр-
ғанындай етип иследи.

32 Саўашқа қатнасқан ләшкер-
лердиң қолға киргизгенлеринен
қалған олжалар мыналар еди: 675
000 майда мал, 33 72 000 ири мал,
34 61 000 ешек, 35 еркекке жақын-
ласпаған 32 000 қыз.

36 Саўашқа қатнасқан ләшкер-
лерге түскен жарты пай мыналар:
337 500 майда мал, 37 булардан
Жаратқан Ийеге 675 ири мал пай
қылып берилди, 38 36 000 ири мал,
булардан Жаратқан Ийеге 72 ири
мал пай қылып берилди, 39 30 500
ешек, булардан Жаратқан Ийеге 61
ешек пай қылып берилди, 40 16 000
қыз, булардан Жаратқан Ийеге 32
қыз пай қылып берилди.

41 Муўса Жаратқан Ийениң өзи-
не буйырғанындай Жаратқан Ийе-
ге ажыратылған пайды руўханий
Элазарға берди.

42 Муўсаның саўашқа қатнасқан
ләшкерлерден алып, израиллы-
ларға ажыратып берген жарты па-
йы мыналар: 43 337 500 майда мал,
44 36 000 ири мал, 45 30 500 ешек,
46 16 000 қыз.

47 Жаратқан Ийениң өзине бу-
йырғанындай, Муўса израиллы-
ларға түскен жарты пайдан ҳәр
елиў адамнан ҳәм ҳәр елиў ҳай-
ўаннан биреўин алып, Жаратқан
Ийениң Мухаддес шатырының
хызметине жуўапкер болған ле-
бийлилерге берди.

48 Соннан кейин, орда сәркәрда-
лары – мыңбасылар менен жүзба-
сылар Муўсаның алдына барып:

49 – Мырза, қол астымыздағы
ләшкерлерди санап шықтық, бир-
де бир ләшкеримизди жойтпаппыз.
50 Мине, қолға киргизген алтын
буйымларымызды – қолға тағы-
латуғын шынжыр, билезик, жүзик,
сырға ҳәм ҳәйкеллеримизди алып
келдик. Жанымыздың қуны сыпа-
тында усыларды Жаратқан Ийеге
беремиз, – деди.

51 Муўса менен руўханий Элазар
олар алып келген барлық алтын бу-
йымларды алды. 52 Мыңбасы менен
жүзбасылар Жаратқан Ийеге бер-
ген алтынның аўырлығы барлығы
болып 16 750 шекел. 53 Саўашқа қат-
насқан ҳәр бир ләшкер болса, ол-
жаларын өзлерине қалдырған еди.

54 Муўса менен руўханий Эла-
зар мыңбасы ҳәм жүзбасылардың
усынған алтынларын қабыллап ал-
ды. Оларды Жаратқан Ийениң Из-
раил халқын еслеп турыўы ушын
Ушырасыў шатырына алып келди.

### Иордан дәрьясының шығыс тәрепинде орналасқан урыўлар

**32** 1 Рубен ҳәм Гад урыўлары-
ның маллары жүдә көп еди.
Олар Язер ҳәм Гилад жерлериниң

мал шарўашылығы ушын қолайлы
жер екенин көрип, 2 Муўса менен
руўханий Элазардың ҳәм жәми-
йет басшыларының алдына барып,
былай деди:
3 – Атарот, Дибон, Язер, Нимра,
Хешбон, Элале, Себам, Небо ҳәм
Беон қалалары 4 жайласқан елди
Жаратқан Ийе Израил халқына же-
ңип берди. Бул елдиң жери маллар
ушын қолайлы екен. Ал қуллары-
ңыз болған бизлерде малларымыз
бар. 5 Мийрим көрсетип, бизлерди
Иордан дәрьясының арғы тәрепи-
не өткизбей, бул елди бизлерге мү-
лик етип бер.
6 Муўса оларға былай деп жу-
ўап берди:
– Туўысқанларыңыз саўашқа ба-
ратырғанда, сизлер усы жерде қа-
лажақсыз ба? 7 Жаратқан Ийениң
берип атырған жерине кириўге из-
раиллыларды не ушын айнытып
атырсызлар? 8 Мен әкелериңизди
елди көзден өткериўге Қадеш-Бар-
ниядан жибергенимде, олар да тап
усындай қылған еди. 9 Олар Эшкол
сайына дейин барып, елди көзден
өткергеннен соң, Жаратқан Ийениң
өзлерине беретуғын жерге бармаўы
ушын израиллыларды айнытқан
еди. 10 Сол күни Жаратқан Ийениң
ғәзеби қайнап, былай деп ант иш-
кен еди: 11 «Мысыр жеринен шық-
қан жигирма ҳәм оннан жоқары
жастағы адамлардың ҳеш бири Ме-
ниң Ибрайымға, Ысаққа ҳәм Яқып-
қа беремен деп ант ишкен жеримди
көрмейди. Өйткени олар пүткил
жүреги менен Маған бойсынбады.
12 Кениз тийресинен болған Ефунне
улы Калеб пенен Нун улы Ешуадан
басқа ҳеш бири ол жерди көрмейди.
Себеби Калеб ҳәм Ешуа пүткил жү-
реги менен Маған садық қалды».
13 Жаратқан Ийе израиллыларға
қатты ғәзепленди. Жаратқан Ийе-
ниң нәзеринде жаўыз болған ис-
лерди ислеген сол әўлад пүткиллей
жоқ болып кеткенше, оларды қырық
жыл шөлде алып жүрди.
14 Енди, мине, гүнакарлар әўла-
ды болған сизлер әкелериңиздиң
орнын басып, Жаратқан Ийениң
Израилға болған лаўлаған ғәзебин
күшейтип атырсызлар. 15 Егер Он-
нан жүз бурсаңыз, Ол бул халықты
және шөлге таслап кетеди. Солай
етип, сизлер пүткил халықты жоқ
қылажақсызлар.
16 Бирақ Гад ҳәм Рубен урыўы
Муўсаның қасына жақынлап, бы-
лай деди:
– Бизлердиң усы жерде малла-
рымыз ушын қоралар соғып, ба-
ла-шағаларымыз ушын қалалар
қурыўымызға рухсат бер. 17 Ал өз-
леримиз болса қуралланып, из-
раиллылар менен бирге барып,
олардың мәкан қылатуғын жерин
ийелеп алғанға дейин, олардың
алдында жүремиз. Бала-шағала-
рымыз елдиң турғынларынан қә-
ўипсиз болған қорған қалаларда
жасай берсин. 18 Ҳәр бир израиллы
өз мүлкин ийелемегенше, бизлер
үйлеримизге қайтпаймыз. 19 Иор-
дан дәрьясының арғы жағасында
олар менен бирге жер үлестен ал-
маймыз, себеби бизлердиң үлеси-
миз Иордан дәрьясының шығыс
жағасында болады.
20 Муўса оларға былай деп жу-
ўап берди:
– Егер сизлер айтқанларыңызды
орынлайтуғын болсаңыз, Жаратқан

Ийениң алдында саўашқа барыў
ушын қуралланың. 21 Жаратқан
Ийе душпанларын қуўып жибер-
мегенше, ҳәммеңиз Оның алдында
қуралланып, Иордан дәрьясының
арғы жағасына өтиң. 22 Пүткил
сол ел Жаратқан Ийе ушын басып
алынғаннан соң, сизлер Жаратқан
Ийе ҳәм Израил халқы алдындағы
миннетиңизден азат боласызлар.
Сонда сизлер усы жерге қайтып
келиўиңизге болады ҳәм бул жер
Жаратқан Ийениң алдында сиз-
лердиң мүлкиңиз болып қалады.

23 Бирақ айтқанларыңызды
орынламасаңыз, Жаратқан Ийеге
қарсы гүна ислеген боласызлар ҳәм
бул гүнаңыз өз басыңызға жетеди.
24 Бала-шағаларыңыз ушын қала-
лар қурып, малларыңыз ушын қо-
ралар соғың. Деген менен, берген
ўәдеңизде турың.

25 Гад ҳәм Рубен урыўларының
адамлары Муўсаға былай деди:

– Мырзамыз, сиз не буйырсаңыз,
қулларыңыз болған бизлер соны
орынлаймыз. 26 Бала-шағамыз, мал-
ларымыз ҳәм ҳайўанларымыз усы
жерде, Гилад қалаларында қалады.
27 Ал қулларыңыз болған бизлер
сизиң буйырғаныңыздай, ҳәр би-
римиз қуралланып, Жаратқан Ийе-
ниң алдында саўашқа түсиў ушын
дәрьяның арғы жағасына өтемиз.

28 Соннан кейин, Муўса Гад ҳәм
Рубен урыўлары ҳаққында рууха-
ний Элазарға, Нун улы Ешуаға ҳәм
Израил урыўларының әўлад бас-
шыларына буйрық берип, 29 бы-
лай деди:

– Егер Гад ҳәм Рубен урыўла-
рынан қуралланған адамлар
Жаратқан Ийениң алдында сизлер
менен бирге Иордан дәрьясының
арғы жағасына өтсе ҳәм сизлер сол
елди қолға киргизсеңиз, онда Ги-
лад үлкесин мүлик қылып, оларға
бериң. 30 Бирақ, егер де олар құрал-
ланып, сизлер менен бирге дәрья-
ның арғы жағасына өтпесе, онда
олар Қанан үлкесинен сизлер ме-
нен бирге үлес жер алады.

31 Сонда Гад ҳәм Рубен урыўла-
рының адамлары:

– Жаратқан Ийе қулларыңыз
болған бизлерге қандай буйрық
берген болса, соның ҳәммесин
орынлаймыз. 32 Бизлер қуралла-
нып, Жаратқан Ийениң алдын-
да Қанан үлкесине барамыз. Ал
бизлердиң алатуғын жер үлесимиз
Иордан дәрьясының шығыс жаға-
сында болсын, – деди.

33 Солай етип, Муўса Гад пенен
Рубен урыўларына ҳәм Юсуп улы
Менашше урыўының жартысына
амор халқының патшасы Сихонның
ели менен Башан патшасы Огтың
елин ҳәм олардың қалалары менен
қала дөгерегиндеги жерлерди берди.

34 Гад урыўы Дибон, Атарот, Аро-
ер, 35 Атрот-Шофан, Язер, Иогбоҳа,
36 Бейт-Нимра ҳәм Бейт-Ҳаран деген
қорғанлы қалаларын жаңадан қурды,
маллары ушын қоралар соқты. 37 Ру-
бен урыўы Хешбон, Элале, Кирята-
йым, 38 атлары өзгертилген еки қала
Небо менен Баал-Меон ҳәм Сибма
қалаларын қайта қурды. Олар тик-
леген қалаларына жаңадан ат қойды.

39 Менашшениң улы Махирдиң
әўладлары Гиладқа барды ҳәм оны
ийелеп алып, ол жерде жасап атыр-
ған амор халқын қуўып шығарды.
40 Солай етип, Муўса Гиладты Ме-
нашше улы Махирдиң әўладына

берди. Олар сол жерге қоныс басты.
41 Менашшениң улы Яир бир неше
қалаларға ҳүжим етип, оларды ийе-
леп алды. Сол жерлерди Яирге ти-
йисли қалалар деп атады. 42 Нобах
та Кенат қаласын ҳәм оның дөгере-
гиндеги аўылларды ийелеп алып,
ол жерди өзиниң аты менен Нобах
деп атады.

### Мысырдан Моабқа дейинги басып өтилген жол

33 1 Муўса ҳәм Харонның же-
текшилиги астында топ-
тобы менен Мысырдан шыққан
израиллылар төмендеги жоллар ме-
нен жүрип өтти. 2 Муўса Жаратқан
Ийениң буйрығы бойынша көшип-
қонып жүрген жолларында қоныс
басқан жерлериниң атларын жазып
барды. Бул жерлер мыналар еди:
3 Израиллылар Қутқарылыў асы-
нан кейинги күни, биринши айдың
он бесинши күни мысырлылардың
көз алдында нық қәдем атып, Рам-
сес қаласынан жолға шықты. 4 Сол
ўақытта мысырлылар Жаратқан
Ийениң өлтирген туңғыш улла-
рын жерлеп атырған еди. Себеби
Жаратқан Ийе олардың қудайла-
рын жазалаған еди.
5 Солай етип, израиллылар Рам-
сестен жолға шығып кеткеннен
кейин, олар Суккотқа орналасты.
6 Кейин олар Суккоттан шығып,
шөлдиң шетиндеги Этамға орна-
ласты.
7 Этамнан шығып, олар Баал-Се-
фонның шығысындағы Пий-Ҳахи-
ротқа қарай бурылып, Мигдолға
жақын жерге орналасты.
8 Пий-Ҳахироттан шығып, теңиз
арқалы өтип, шөлге қарай жол алды.
Этам шөлинде үш күн жол жүрген-
нен соң, олар Мараға орналасты.
9 Марадан шығып, олар он еки суў
булағы ҳәм жетпис пальма ағашы
болған Элимге барып, сол жерге
орналасты.
10 Олар Элимнен шығып, Қызыл
теңиздиң бойына орналасты.
11 Қызыл теңиздиң бойынан шы-
ғып, Син шөлине орналасты.
12 Син шөлинен шығып, олар
Дофқаға орналасты.
13 Дофқадан шығып, Алушқа ор-
наласты.
14 Алуштан шығып, Рефидимге
орналасты. Бирақ ол жерде халық
ушын ишетуғын суў жоқ еди.
15 Рефидимнен шығып, Синай
шөлине орналасты.
16 Синай шөлинен шығып, Киб-
рот-Ҳаттааўаға орналасты.
17 Киброт-Ҳаттааўадан шығып,
Хасеротқа орналасты.
18 Хасероттан шығып, Ритмаға
орналасты.
19 Ритмадан шығып, Риммон-Пе-
реске орналасты.
20 Риммон-Перестен шығып, Либ-
наға орналасты.
21 Либнадан шығып, Риссаға ор-
наласты.
22 Риссадан шығып, Кеҳелатаға
орналасты.
23 Кеҳелатадан шығып, Шефер
таўына орналасты.
24 Шефер таўынан шығып, Хара-
даға орналасты.
25 Харададан шығып, Мақҳелот-
қа орналасты.
26 Мақҳелоттан шығып, Тахатқа
орналасты.
27 Тахаттан шығып, Терахқа ор-
наласты.

28 Терахтан шығып, Митқаға орналасты.
29 Митқадан шығып, Хашмонаға орналасты.
30 Хашмонадан шығып, Мосеротқа орналасты.
31 Мосероттан шығып, Бене-Яақанға орналасты.
32 Бене-Яақаннан шығып, Хор-Ҳагидгадқа орналасты.
33 Хор-Ҳагидгадтан шығып, Иотбатаға орналасты.
34 Иотбатадан шығып, Абронаға орналасты.
35 Абронадан шығып, Эсион-Геберге орналасты.
36 Эсион-Геберден шығып, Зин шөлиндеги Қадешке орналасты.
37 Қадештен шығып, олар Эдом шегарасындағы Ҳор тауының қасына орналасты.
38 Руўханий Харон Жаратқан Ийениң буйрығы бойынша Ҳор тауына
шығып, сол жерде қайтыс болды.
Бул ўақыя израиллылар Мысырдан шыққаннан кейин қырқыншы
жылы, бесинши айдың биринши күнинде болды.
39 Харон Ҳор тауында қайтыс болғанда 123 жаста еди.
40 Қанан елиниң Негебте жасайтуғын қананлы Арад патшасы израиллылардың сол жерге келгенинен хабар тапты.
41 Израиллылар Ҳор тауынан шығып, Салмонаға орналасты.
42 Салмонадан шығып, Пунонға орналасты.
43 Пуноннан шығып, Оботқа орналасты.
44 Оботтан шығып, Моаб шегарасындағы Ийе-Абаримге орналасты.
45 Ийе-Абаримнен шығып, Дибон-Гадқа орналасты.
46 Дибон-Гадтан шығып, Алмон-Диблатайымға орналасты.
47 Алмон-Диблатайымнан шығып, Небоға жақын Абарим тауларына орналасты.
48 Абарим тауларынан шығып, ойпатлықтың Моабқа тийисли бөлегине, Ерихоның қарсысындағы Иорданның бойына орналасты.
49 Олар ойпатлықтың Моабқа тийисли бөлегинде Иордан бойлап, Бейт-Ешимоттан Абел-Шиттимге дейин орналасып барды.

### Иордан дәрьясынан өтпестен алдын берилген көрсетпелер

50 Сол жерде, ойпатлықтың Моабқа тийисли бөлегинде, Ерихоның қарсысындағы Иорданның бойында Жаратқан Ийе Муўсаға былай деп айтты:
51 – Израиллыларға былай деп айт: «Сизлер Иордан дәрьясынан
өтип, Қанан елине киргениңизде,
52 сол елде жасайтуғын барлық халықты қуўып жибериң, бут сүўретлерин ҳәм мүсинлерин жоқ қылып, сыйыныў орынларын бузып таслаң.
53 Елди ийелеп алып, ол жерге орналасып алың, өйткени Мен сизлерге сол жерди мүлик қылып бердим.
54 Жерлерди урыўлар ара шек таслап бөлисип алың. Үлкен урыўға үлкен үлес жер, киши урыўға киши үлес жер бериң. Шек бойынша кимге қайсы жер түссе, сол жер сол урыўға тийисли болады. Үлес жерлерди ата-бабаларыңыздан тараған урыўлар бойынша бөлистирип бериң.
55 Егер сол елдиң турғынларын қуўып шығармасаңыз, онда сол жерде қалған халық көзлериңизге

түскен шөп, бүйирлериңизге кир-
ген тикендей болады. Олар жа-
сайтуғын жериңизде сизлерди
қысқыға алады. 56 Сонда Мен олар-
ға не ислеўди нийетлеген болсам,
сизлерге соны ислеймен».

### Қанан елиниң шегаралары

**34** 1 Жаратқан Ийе Муўсаға
былай деди:
2 – Израиллыларға былай деп бу-
йыр: «Сизлерге мүлик етип бериле-
туғын Қанан елине киргениңизде,
оның шегаралары мынадай болады:
3 Сизлердиң қубла тәрептеги ше-
гараңыз Зин шөлинен Эдом шега-
расы бойлап созылады. Бул қубла
шегараңыз шығыстағы Өли теңиз-
диң шетинен басланады. 4 Оннан
кейин Ақраббим бийиклигиниң
қубласынан Зин арқалы өтип, Қа-
деш-Барнияның қубласына дейин
созылады. Ол жерден шегара Ха-
сар-Аддар арқалы өтип, Асмонға
дейин барады. 5 Кейин сол жерден
бурылып, Мысыр шегарасындағы
сайға дейин созылып, Жер Орта те-
ңизине барып таўысылады.
6 Батыс шегараңыз Жер Орта те-
ңизиниң жағасы болады. Батыста-
ғы шегараңыз усыдан ибарат.
7 Арқа шегараңыз Жер Орта те-
ңизинен Ҳор таўына дейин созы-
лады. 8 Ҳор таўынан Лебо-Хаматқа
дейин, кейин Седадқа дейин барып,
9 Зифронға дейин созылады ҳәм Ха-
сар-Энанда таўысылады. Арқадағы
шегараңыз усыдан ибарат.
10 Шығыс шегараңыз Хасар-
Энаннан басланып, Шефамға де-
йин созылады. 11 Кейин шегара
Шефамнан Айынның шығыс тәре-
пиндеги Риблаға дейин барады. Ол
жерден Киннерет көлиниң шығыс
жағындағы жанбаўырларға дейин
созылады. 12 Соннан кейин, шегара
ол жерден Иордан дәрьясы бойын-
ша созылып, Өли теңизге барып
тоқтайды. Ҳәр тәрептеги елиңиз-
диң шегаралары усы болады».
13 Соннан кейин, Муўса израил-
лыларға:
– Мине, мүлик қылып, шек бо-
йынша бөлисип алатуғын ел усы
болады. Жаратқан Ийениң буй-
рығы бойынша бул ел тоғыз урыў
менен бир урыўдың ярымына бө-
листирип бериледи. 14 Өйткени
Рубен ҳәм Гад урыўлары менен Ме-
нашше урыўының ярымы өзлери-
не тийисли жер үлесин әўладлары
бойынша бөлисип алды. 15 Бул еки
урыў менен ярым урыў Ерихоның
қарсысындағы Иордан дәрьясы-
ның шығыс тәрепинен өз мүлик-
лерин алды, – деди.

### Жерди бөлистирип бериўге жуўапкер жетекшилер

16 Жаратқан Ийе Муўсаға бы-
лай деди:
17 – Руўханий Элазар ҳәм Нун
улы Ешуа Израил халқына елди
бөлистирип берсин. 18 Елди бө-
листириў ушын ҳәр бир урыўдан
бир жетекшиден алып, хызметке
қойың. 19 Сол адамлардың атла-
ры мыналар:
Яҳуда урыўынан Ефунне улы
Калеб,
20 Шимон урыўынан Аммиҳуд
улы Самуел,
21 Бенямин урыўынан Кислон
улы Элидад,
22 Дан урыўынан Иоглий улы
басшы Буккий,

23 Юсуп улы Менашше урыўы-
нан Эфод улы басшы Ханниел,
24 Эфрайым урыўынан Шифтан
улы басшы Кемуел,
25 Зебулон урыўынан Парнах
улы басшы Элисафан,
26 Иссахар урыўынан Аззан улы
басшы Палтиел,
27 Ашер урыўынан Шеломий
улы басшы Ахиҳуд,
28 Нафталий урыўынан Амми-
ҳуд улы басшы Педаел.
29 Қанан жерин Израил халқына
мүлик етип бөлистирип бериң, деп
Жаратқан Ийе усы адамларға бу-
йырған еди.

### Лебийлилерге берилген қалалар

**35** 1 Жаратқан Ийе ойпатлық-
тың Моабқа тийисли бө-
легинде, Ерихоның қарсысындағы
Иорданның бойында Муўсаға бы-
лай деди:
2 – Израиллыларға буйыр, олар
алатуғын үлес жеринде лебий-
лилердиң жасаўы ушын қала-
лар ажыратып берсин. Соның
менен бирге, қалалардың әти-
рапындағы жайлаўларды да бер-
син. 3 Солай етип, лебийлилердиң
жасаўы ушын қалалары ҳәм олар-
дың пада, сүриўлери менен басқа
да ҳайўанлары ушын жайлаўла-
ры болсын.
4 Лебийлилерге берилетуғын қа-
лалардың айлана әтирапындағы
жайлаўлар қала қорғанынан баслап
мың шығанақ узынлыққа созыл-
ған болсын. 5 Қала ортада жайлас-
қан болып, оның сыртынан баслап,
шығысқа, қублаға, батысқа ҳәм ар-
қаға қарай еки мың шығанақтан
өлшеп шығың. Булар қалалар ушын
жайлаўлар болады.
6 – Лебийлилерге берилетуғын
қалалардан алтаўы паналайтуғын
қала болсын. Солай етип, адам өл-
тириўшиниң сол жерге қашыўына
жол қоясызлар. Усы алты қаладан
тысқары лебийлилерге қырық еки
қала берилсин. 7 Барлығы болып,
лебийлилерге жайлаўлары менен
бирге қырық сегиз қала бересизлер.
8 Израиллылардың үлес жеринен
лебийлилерге берилетуғын қала-
лар ҳәр бир урыўға түскен пайына
ылайықлы болсын. Көп үлес жер
алған урыў көп, аз үлес жер алған
урыў аз қала берсин.

### Паналайтуғын қалалар

*(Нзм 19:1-13; Ешу 20:1-9)*

9 Жаратқан Ийе Муўса менен сөй-
лесиўин даўам етип, былай деди:
10 – Израиллыларға былай деп
айт: «Иордан дәрьясынан өтип, Қа-
нан елине киргениңизден кейин,
11 паналайтуғын қалаларды таң-
лап алың. Солай етип, абайсыз-
да адам өлтирип қойған адам сол
паналайтуғын қалаға қашып ке-
те алатуғын болсын. 12 Бул қала-
лар адам өлтирип қойған адамның
жәмийет алдында ҳүким етилме-
синен алдын өлтирилмеўи ушын,
оның өш алыўшы әмеңгерден қа-
шып, паналайтуғын жери болады.
13 Сизлер ажырататуғын алты қала
паналайтуғын қала болсын. 14 Па-
налайтуғын қалалардың үшеўи
Иордан дәрьясының шығыс тәре-
пинен, қалған үшеўи Қанан жери-
нен таңлап алынсын. 15 Бул алты
қала израиллылар ҳәм араңызда
жасап атырған келгиндилер менен

жат жерли адамлар ушын паналаў
қаласы болсын. Солай етип, абай-
сызда адам өлтирип қойған адам
сол жерге қашып барсын.
16 Егер ким де ким темир қурал
менен бир адамды урып өлтирип
қойса, онда урған адам қанхор са-
налады ҳәм ол сөзсиз өлтирилсин.
17 Егер тас пенен биреўди урып, оны
өлтирсе, өлтирген адам қанхор са-
налады ҳәм ол сөзсиз өлтирилсин.
18 Ямаса ол ағаш буйым менен би-
реўди урып, оны өлтирсе, онда өл-
тирген адам қанхор саналады ҳәм ол
сөзсиз өлтирилсин. 19 Өлген адам-
ның өш алыўшы адамы қанхорды
ушыратып қалыўдан-ақ, оны өл-
тирсин. 20 Сондай-ақ егер бир адам
биреўди жек көргенликтен ийтерип
жиберип ямаса билқастан оған қа-
рай бир нәрсени ылақтырып, ол
адамды өлтирсе, 21 ямаса өшегисип,
оны мушы менен урып өлтирсе, ур-
ған адам сөзсиз өлтирилсин. Өйтке-
ни ол қанхор. Өлген адамның өшин
алыўшы адам қанхорды ушыратып
қалыўдан-ақ, оны өлтирсин.
22 Егер ким де ким бир адамды
өшегисип емес, ал абайсыздан ий-
терип жиберсе, ямаса оған қарай
билместен бир нәрсени ылақты-
рып жиберсе, 23 ямаса оны көрмей
қалып, үстине бир тасты түсирип
алып, оны өлтирип қойса, бирақ
өлтирип қойған адам оған душ-
пан болмай, оған жаўызлық ой-
ламаған болса, 24 жәмийет адам
өлтирип қойған менен өш алыўшы
әмеңгердиң арасында усы қағый-
далар бойынша қарар шығарсын.
25 Жәмийет адам өлтирип қойған
адамды өш алыўшы әмеңгердиң
қолынан қорғаўы керек ҳәм оны
қашып келген паналайтуғын қа-
лаға қайтадан қайтарып жиберсин.
Ол адам мухаддес май менен май-
ланған бас руўханийдиң өлими-
не дейин сол жерде жасап қалсын.
26 Бирақ адам өлтириўши қашып
барған паналайтуғын қаланың ше-
гарасынан шықса, 27 өш алыўшы
әмеңгер де оны паналайтуғын қа-
ланың шегарасының сыртында
көрип қалса, өш алыўшы әмеңгер
адам өлтириўшини өлтирсе, ол
айыплы саналмайды. 28 Өйткени
адам өлтириўши бас руўханийдиң
өлимине дейин паналайтуғын қа-
ла ишинде болыўы керек. Тек ғана
бас руўханийдиң өлиминен соң өз
жерине қайтыўына болады.
29 Қай жерде жасасаңыз да булар
әўладлар даўамында сизлер ушын
қағыйда болсын.
30 Адам өлтириўши гүўалардың
айтқан сөзлери бойынша өлим жа-
засына тартылсын. Тек бир адам-
ның ғана гүўалығы менен ҳеш ким
өлтирилмесин.
31 Өлимге ылайықлы қанхордың
жанын қутқарыў ушын қун алмаң,
ол сөзсиз өлтирилсин.
32 Паналайтуғын қалаға қашқан
адам қун төлеп, бас руўханийдиң
өлиминен алдын өз жерине қай-
тып барып жасаўына рухсат бермең.
33 Өзлериңиз жасап атырған елди
ҳарамламаң. Қан төгиўшилик елди
ҳарамлайды. Ишинде қан төгилген
жер тек ғана қан төккен адамның
қаны менен пәкленеди.
34 Өзлериңиз ишинде жасап
атырған ҳәм Мен ишинде болып
атырған жерди ҳарамламаң. Себе-
би Мен израиллылардың арасында
жасайтуғын Жаратқан Ийемен».

## Селофехадтың қызларының үлес жери

**36** 1 Бир күни Юсуп улы Ме-
нашше урыўынан Махир
улы Гилад әўладынан болған бас-
шылар Муўсаның ҳәм Израилдың
тийре басшыларының алдына ке-
лип, оларға былай деди:
2 – Жаратқан Ийе елди мүлик
етип, шек бойынша израиллылар
арасында үлестириў ушын мыр-
замыз Муўсаға буйрық берди. Ту-
ўысқанымыз Селофехадтың мүлки
қызларына берилиўи ушын да буй-
рық берилген еди. 3 Деген менен,
егер Селофехадтың қызлары бас-
қа бир Израил урыўына тийис-
ли еркеклерге турмысқа шықса,
олардың мүликлери күйеўлери
тийисли болған урыўдың мүлки-
не өтип кетеди. Сонда урыўымыз
шек бойынша алған жер үлесиниң
бир бөлегинен айырылып қала-
ды. 4 Ҳәттеки, израиллылардың
Қутлы жылы[a] белгиленгенде де,
қызлардың мүлки урыўымызға
қайтарылмай, күйеўлери тийис-
ли болған урыўда қалып кетеди.
Солай етип, олардың мүликлери
бабаларымыздың урыўына түс-
кен мүликтен алынып, бир бөлек
жеримизден айырылып қаламыз.
5 Муўса Жаратқан Ийениң сөзи
бойынша израиллыларға былай
деп буйрық берди:
– Юсуп әўладынан болған
адамлардың айтқанлары дурыс.
6 Жаратқан Ийе Селофехадтың
қызлары ҳаққында мынадай буй-
рық береди: «Селофехадтың қыз-
лары қәлеген жигитке турмысқа
шығыўына болады, бирақ бул жи-
гитлер әкесиниң урыўынан ҳәм
тийресинен болыўы шәрт. 7 Из-
раил халқының мүлик етип алған
жери бир урыўдан екинши урыўға
өтип кетпесин. Ҳәр бир израиллы
өз урыўының мүлкин сақлап қал-
сын. 8 Израилдағы ҳәр бир урыўда-
ғы жер мүлкине мийрасхор болған
қыз әкеси тийисли болған урыў ҳәм
тийресиндеги жигитке турмыс-
қа шықсын. Солай етип, ҳәр бир
израиллы ата-бабаларының мүл-
кине өзлери ийелик етип қалсын.
9 Сонда мүлик бир урыўдан екин-
ши урыўға өтип кетпейди. Ҳәр бир
Израил урыўы өзлерине алған мү-
ликти сақлап қалсын».
10 Селофехадтың қызлары
Жаратқан Ийениң Муўсаға буйыр-
ғанындай иследи. 11 Селофехад-
тың қызлары Махла, Тирса, Хогла,
Милка ҳәм Ноа өз аталас ағалары-
на турмысқа шықты. 12 Солай етип,
олар Юсуп улы Менашше урпағы-
нан болған жигитлерге турмысқа
шықты ҳәм олардың мүликлери
әкелери тийисли болған тийре ҳәм
урыўда қалды.
13 Жаратқан Ийениң Муўса арқа-
лы ойпатлықтың Моабқа тийисли
бөлегинде, Ерихо қаласының қар-
сысындағы Иордан дәрьясының
бойында израиллыларға берген
буйрық ҳәм нызамлары усылар-
дан ибарат еди.

---

a **36:4** Леб 25:8-17.

# Нызамның қайталаныўы

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Нызамның қайталаныўы китабы Таўраттың бесинши китабы. Бул китап Муўсаның Моаб тегислигиндеги Израил халқына айтқан сөзлеринен ибарат. Муўса бул сөзлерди Израил халқының шөлдеги қырық жыллық сапарынан кейин айтады. Сол ўақытта Израил халқы Қудай ўәде қылған Қанан жерине кириўге шамаласып турған еди.

Китаптың ишиндеги ең әҳмийетли темалар мыналар:

Муўса Израил халқына қырық жыл даўамында болып өткен әҳмийетли ўақыяларды еслетип өтеди ҳәм Қудайға садық болып, Оған бойсыныўға шақырады. Соның менен бирге, Муўса оларға Қудайы Жаратқан Ийениң шөлде өзлерине ғамхорлық қылғанын умытпаўды ескертеди.

Муўса он буйрықты қайталап, халықтың бутларға табыныўы қадаған екенлигин ҳәм жалғыз Қудайға сыйыныўы кереклигин тастыйықлайды. Кейин Израил халқының өмирине тийисли ҳәр түрли нызамларға тоқтап өтеди.

Муўса халыққа Қудай менен дүзилген келисимниң мәнисин еслетип өтеди. Халықты келисим шәртлерине садық болыўға шақырады. Қудайға бойсыныў берекет алып келетуғынын, бойсынбаўшылық болса нәлетке дуўшар қылатуғынын айтады.

Муўса халықтың нәўбеттеги жолбасшысы етип Ешуаны тайынлайды. Кейин Қудайдың садықлығына бағышланған бир қосықты айтады ҳәм Израил урыўларына бирме-бир пәтия береди. Муўса Иордан дәрьясының шығыс тәрепиндеги Моаб елинде бул дүньядан көз жумады.

---

### Израиллылардың Хореб таўынан жолға шығыўы

**1** [1] Муўса Иордан дәрьясының
шығыс жағасындағы шөлде из-
раиллыларға төмендеги сөзлерди
айтты. Бул шөл Суфтың қарама-қар-
сысындағы Иордан тегислигиниң
бир бөлегинде, Паран менен Тофел,
Лабан, Хасерот ҳәм Дий-Заҳаб ара-
сында жайласқан еди. [2] Хоребтен таў-
лы Сеир жерине алып баратуғын жол
менен жүргенде, Қадеш-Барнияға де-
йин он бир күнлик жол еди. [3] Израил
халқы Мысырдан шыққаннан кейин,
қырқыншы жылдың он биринши

айының биринши күни Муўса оларға
Жаратқан Ийениң буйырған сөзле-
рин жәриялады. 4 Буннан алдын Муў-
са Хешбонда ҳүкимдарлық қылған
амор халқының патшасы Сихонды,
Аштаротта ҳәм Эдрейде ҳүкимдар-
лық қылған Башан патшасы Огты
жеңилиске ушыратқан еди.
5 Муўса Иордан дәрьясының шы-
ғыс жағасындағы Моаб жеринде
Жаратқан Ийениң нызамын бы-
лай деп түсиндире баслады:
6 «Қудайымыз Жаратқан Ийе Хо-
ребте бизлерге былай деди: „Бул
таўда узақ ўақыт турып қалдыңыз.
7 Қәнекей, жолға шығыңлар. Амор
халқының таўлы жерине ҳәм сол
жерге қоңсылас болған барлық ел-
лерге: Иордан тегислигине, таўлы
үлкеге, батыстағы таў етеклери-
не, Негебке ҳәм Жер Орта теңизи-
ниң бойларына кирип барыңлар.
Яғный, пүткил Қананели менен
Лебанонға, және де, уллы Евфрат
дәрьясына дейин барыңлар. 8 Сол
жерлерди сизлерге берип атырман.
Барыңлар, ата-бабаларыңызға –
Ибрайымға, Ысаққа, Яқыпқа ҳәм
олардың әўладларына беремен деп
ант ишкен жерлерди мүлик етип
алыңлар“».

## Муўсаның қазыларды тайынлаўы

9 «Сол ўақытта сизлерге былай
деп айттым: „Сизлерди бир өзим
жетелеп алып жүре алмайман, се-
беби сизлер мен ушын аўыр жүк бо-
ласызлар. 10 Қудайыңыз Жаратқан
Ийе сизлерди көбейтти. Мине, бү-
гинликте аспандағы жулдызлар
сыяқлы сансыз болып, көбейдиңиз.
11 Ата-бабаларыңыздың Қудайы
Жаратқан Ийе ўәде бергениндей,
сизлерди еле де мың есе көбейтсин
ҳәм жарылқасын! 12 Бирақ сизлер-
диң аўыр жүклериңиз бенен даў-
ларыңызды бир өзим қалайынша
көтеремен? 13 Енди ҳәр бир урыў-
дан дана, ақыллы ҳәм тәжирий-
бели адамларды таңлап алыңлар.
Оларды сизлерге басшы етип та-
йынлайман“.
14 Сизлер де буны жақсы деп ма-
құлладыңыз. 15 Сонда урыўлары-
ңыздан дана ҳәм тәжирийбели
болған адамларды сизлерге мың-
басы, жүзбасы, елиўбасы, онбасы
ҳәм базыларын жәмийеттиң қада-
ғалаўшылары етип тайынладым.
16 Сол ўақытта тайынланған қазы-
ларға былай деп буйырған едим:
„Туўысқанларыңыздың арасындағы
даўларға қулақ салың. Бир адам-
ның израиллы туўысқаны менен
ямаса келгинди бир адам менен
болған даўларын әдиллик пенен
шешиң. 17 Ҳүким ўақтында бир тә-
реплилик қылмаң, бай адамға да,
жарлы адамға да қулақ салың. Ҳеш
кимнен қорқпаң, өйткени ҳүким
Қудайдандур. Өзлериңиз шеше
алмаған бир мәселе болса, маған
алып келиң, оны өзим шешемен“.
18 Сол ўақытта сизлерге ислеўиңиз
керек болған ҳәр бир исти тапсыр-
ған едим».

## Халықтың жансызларды жибериўи

19 «Соннан кейин, Қудайымыз
Жаратқан Ийениң бизлерге бу-
йырғанындай, бизлер Хореб та-
ўынан шығып, амор халқының
таўлы жерине баратуғын жолдан
жүрип, өзлериңиз көрген кең ҳәм

қорқынышлы шөл арқалы Қадеш-
Барнияға бардық. 20 Сол жерде
мен сизлерге: „Мине, Қудайымыз
Жаратқан Ийе бизлерге берип
атырған амор халқының таўлы
жерине жетип келдик. 21 Қараң-
лар, Қудайыңыз Жаратқан Ийе
усы жерлерди сизлерге берди. Қә-
не, ата-бабаларыңыздың Қудайы
Жаратқан Ийениң сизлерге айт-
қанындай, барып ол жерди мүлик
етип алыңлар. Қорқпаңлар, қәўе-
терге түспеңлер“, – дедим.

22 Ал сизлер ҳәммеңиз маған ке-
лип, былай дедиңлер: „Елди аралап,
көзден өткерип шығыў ушын, алды-
мыздан жансызларды жиберейик.
Олар қайсы жолдан баратуғыны-
мызды ҳәм баратуғын сол қалалар
ҳаққында хабар алып келсин“.

23 Бул пикир маған да мақул бол-
ды. Солай етип, араңыздан он еки
адамды, ҳәр бир урыўдан бир адам-
нан таңлап алдым. 24 Олар таўлы
үлкеге көтерилди ҳәм Эшкол са-
йына барып, елди аралап шықты.
25 Қайтып киятырып, сол жер-
диң жетистирген мийўелеринен
алып келди. Олар: „Қудайымыз
Жаратқан Ийениң бизлерге берип
атырған жери жақсы екен“, – деди.

26 Деген менен, сизлер Қудайы-
ңыз Жаратқан Ийениң буйрығына
қарсы шығып, ол жерге барыўды
қәлемедиңиз. 27 Сонда өз шатыр-
ларыңызда тоңқылдап, былай де-
диңиз: „Жаратқан Ийе бизлерди
жек көреди. Ол бизлерди аморларға
тәслим қылып, жоқ етиў ушын Мы-
сырдан алып шықты. 28 Ол жерге
не ушын баратырмыз? Туўысқан-
ларымыз ол жердеги халықтың
бизлерден гөре жүдә күшли ҳәм
бойлары да бәлент екенин айтып,
руўхымызды түсирип жиберди.
Олардың үлкен қалалары аспанға
тийер дийўаллар менен қоршал-
ған, ҳәттеки, ол жерде Анақ әўла-
дынан шыққан дәў адамларды да
көрген екен“.

29 Сонда мен сизлерге былай де-
дим: „Олардан қорқпаңлар, қәўе-
терге де түспеңлер. 30 Алдыңызда
баратырған Қудайыңыз Жаратқан
Ийе Мысырда урысқандай, сиз-
лер ушын урысады. 31 Қудайыңыз
Жаратқан Ийе шөлде сизлерге ғам-
хорлық қылып келди. Ол әкениң өз
баласын алып жүргениндей, сиз-
лерди усы жерге дейин жол бойы
көтерип келди. 32 Сонда да сиз-
лер Қудайыңыз Жаратқан Ийеге
исенбей атырсыз. 33 Ал Ол болса,
шатырларыңызды қурыўға жер
излеў ушын, жүретуғын жолыңыз-
ды көрсетип түнде от, күндиз булт
ишинде алдыңызда жүрип келди“».

## Жаратқан Ийениң Израил халқын жазалаўы

34 «Жаратқан Ийе сизлердиң сөз-
лериңизди еситип, ғәзепленди ҳәм
ант ишип былай деди: 35 „Ата-баба-
ларыңызға беремен деп ант ишкен
сол жақсы жерди усы жаман әў-
ладтың ҳеш бири көрмейди. 36 Сол
жерди тек ғана Ефунне улы Ка-
леб көреди. Аяқ басқан жерлерин
оған ҳәм оның әўладына беремен.
Өйткени ол пүткил жүреги менен
Жаратқан Ийеге, яғный Маған са-
дық қалды“.

37 Жаратқан Ийе сизлер себепли
маған да ғәзепленип, былай деди:
„Сен де сол жерге кирмейсең. 38 Би-
рақ жәрдемшиң Нун улы Ешуа ол

жерге киреди. Оны жигерлендир.
Израиллыларға жерди мүлик етип,
алып беретуғын адам Ешуа бола-
ды. 39 Сонда сизлер балаларымыз
тутқын болады деп, айтқан едиңиз.
Бүгинликте сол ақ пенен қараны
айыра алмайтуғын балаларыңыз
сол елге киреди. Елди оларға бе-
ремен, сол жерди олар мүлик етип,
ийелейди. 40 Ал сизлер артыңыз-
ға қайтыңлар, Қызыл теңизге ба-
ратуғын жолдан шөлге кетиңлер“.

41 Сонда сизлер маған: „Бизлер
Жаратқан Ийеге қарсы гүна исле-
дик. Қудайымыз Жаратқан Ийениң
буйрығы бойынша барып урыса-
мыз“, – дедиңиз. Сизлер сол таўлы
үлкени басып алыў аңсат болады,
деп ойлап, ҳәр бириңиз қуралла-
рыңызды алдыңыз.

42 Бирақ Жаратқан Ийе маған
былай деди: „Оларға айт, урысыў-
ға шықпасын. Себеби Мен сизлер
менен бирге емеспен. Душпаны-
ңыздан жеңилип қаласыз“.

43 Сизлерди ескерткен едим, би-
рақ қулақ салмадыңыз. Жаратқан
Ийениң буйрығына қарсы шық-
тыңыз. Сизлер менменликке бе-
рилип, урысыў ушын таўлы үлкеге
шықтыңыз. 44 Таўлы үлкеде жа-
сайтуғын аморлар сизлерге қар-
сы шығып, олар пал ҳәррелердей
болып, изиңизден қуўып, Сеир-
ден Хорма қаласына дейин сиз-
лерди тас-талқан қылды. 45 Аман
қалғанларыңыз қайтып келип,
Жаратқан Ийениң алдында жы-
ладыңыз. Бирақ Жаратқан Ийе
дадыңызға қулақ салмады, сиз-
лерге итибар да бермеди. 46 Солай
етип, узақ ўақытқа дейин Қадеш-
те қалдыңыз».

## Израиллылардың шөлде өткерген жыллары

2 1 «Кейин, Жаратқан Ийениң
маған буйырғанындай, бизлер
кейнимизге қайтып, Қызыл теңизге
баратуғын жол менен шөлге кеттик.
Сеир таўларының әтирапында узақ
ўақыт жүрдик.

2 Ақырында Жаратқан Ийе ма-
ған былай деди: 3 „Усы таўлы үл-
кениң дөгерегинде жүргениңиз
жетер. Енди арқа тәрепке қарай
жүриңлер“. 4 Соннан кейин, халық-
қа мына буйрықларды бериўимди
айтты: „Сеир жеринде жасайтуғын
туўысқанларыңыз болған Эсаў-
дың урпақларының жеринен өте-
сизлер. Олар сизлерден қорқады.
Деген менен, өзлериңиз де абай-
лы болыңлар. 5 Оларға қарсы урыс
ашпаңлар. Сизлерге олардың же-
ринен бир қарыс та жер бермеймен.
Өйткени таўлы Сеир жерин Эсаў-
ға мүлик етип бердим. 6 Олардан
жейтуғын аўқатыңызды ҳәм ише-
туғын суўыңызды гүмиске сатып
алыңлар. 7 Қудайыңыз Жаратқан
Ийе, яғный Мен сизлердиң қол
урған ҳәр бир исиңизди жарылқа-
дым. Усы ушы-қыйыры жоқ шөлде
айланып жүргениңизде, сизлерди
қорғадым. Мен қырық жыл даўа-
мында сизлер менен бирге болдым
ҳәм сизлердиң ҳеш қандай мүтәж-
лигиңиз болмады“.

8 Солай етип, бизлер Сеирде жа-
сап атырған туўысқанларымыз
Эсаў урпақларының жанынан өт-
тик. Элат ҳәм Эсион-Геберден Иор-
дан тегислигине баратуғын жолдан
жүрдик, кейин жолымызды Моаб
шөлине қарай бурдық.

9 Сонда Жаратқан Ийе маған:
„Моаблыларға ҳүжим қылып, урыс
ашпаңлар. Олардың жеринен сиз-
лерге мүлик бермеймен. Өйткени
Ар қаласын Луттың урпағына мү-
лик етип бердим“, – деди».
10 Бурын ол жерде анақлар сыяқлы
узын бойлы, күшли ҳәм көп санлы
эм халқы жасайтуғын еди. 11 Анақ-
лар сыяқлы, эм халқы да рефа халқы
деп есапланатуғын еди. Бирақ моаб-
лылар оларды эм халқы деп атаған
еди. 12 Сеирде бурын хор халқы жа-
сайтуғын еди. Эсаўдың урпақлары
ол жерди олардан тартып алған еди.
Израил халқы Жаратқан Ийениң
мүлик етип берген жеринде халық-
ларды жоқ қылғанындай, Эсаўдың
әўладлары да хор халқын жоқ етип,
жерлерине жайласып алған еди.
13 «Жаратқан Ийе: „Қәнекей, жол-
ға шығыңлар, Зеред дәрьясынан
өтиңлер“, – деди. Бизлер Зеред
дәрьясынан өттик. 14 Қадеш-Бар-
ниядан жолға шығып, Зеред дәрья-
сынан өтемен дегенше, отыз сегиз
жыл жол жүрдик. Жаратқан Ийе-
ниң ант ишип айтқанындай, усы
ўақытқа келип, Израил халқынан
буннан алдынғы әўладтың барлық
урысқа жарамлылары жоқ бол-
ған еди. 15 Ҳәттеки, Жаратқан Ийе
оларды ордадан жоқ қылыў ушын,
оларға қарсы қол көтерди.
16 Сол урысқа жарамлылардың
барлығы өлип, халық арасынан жоқ
болғаннан кейин, 17 Жаратқан Ийе
маған былай деди: 18 „Бүгин Ар қа-
ласының жолынан, Моаб жерлери-
нен өтесизлер. 19 Аммон халқына
жақынласқаныңызда, оларға ҳү-
жим қылып, урыс ашпаңлар. Себе-
би аммонлардың жеринен сизлерге
мүлик бермеймен. Мен ол жерди мү-
лик етип Луттың урпағына бердим“».
20 Бурын бул жер де рефа халқы-
ның ели деп есапланатуғын еди. Ре-
фа халқы олардан алдын сол жерде
жасаған еди. Аммон халқы олар-
ды замзумлар деп атайтуғын еди.
21 Замзумлар анақ халқындай узын
бойлы, күшли ҳәм көп еди. Бирақ
Жаратқан Ийе оларды аммон хал-
қының алдында қыйратты. Аммон-
лар замзумлардың жерлерин басып
алып, сол жерге жайласып алған
еди. 22 Жаратқан Ийе Сеирде жасай-
туғын Эсаў урпағы ушын да солай
ислеп, хор халқын олардың алдын-
да қыйратты. Эсаў әўладлары хор-
лардың жерлерин басып алып, сол
жерге жайласқан еди. Олар бүгин
де сол жерде жасайды. 23 Кафтор-
дан келген кафторлылар да Газаға
дейин созылған аўылларда жасай-
туғын аў халқын жоқ етип, олардың
жерлерине жайласып алған еди.
24 «Бизлер Моаб жеринен өтке-
нимизден кейин, Жаратқан Ийе
бизлерге: „Енди жолға шығыңлар!
Арнон дәрьясынан өтиңлер! Мине,
амор халқының Хешбондағы пат-
шасы Сихонды ҳәм оның елин сиз-
лерге тәслим қыламан. Оған ҳүжим
қылып, жерин ийелеп баслаңлар.
25 Бүгиннен баслап Мен жер жүзин-
деги халықларды сизлерден ҳүрейи
ушып, қорқатуғын қыламан. Олар
сизлер туўралы еситкенде, қорқыў-
дан титирейтуғын болады“, – деди».

## Израиллылардың Хешбон патшасы Сихонды жеңиўи

26 «Соннан кейин, мен Кедемот
шөлинен Хешбон патшасы Сихон-
ға елшилер арқалы тынышлық

келисимин усынып, мына хабарды
жибердим: 27 „Елиңизден өтип ке-
тиўимизге рухсат берсеңиз. Бизлер
оңға да, солға да бурылмай туўры
жолдан өтип кетемиз. 28 Жейту-
ғын аўқатымызды да, ишетуғын
суўымызды да сизден гүмиске са-
тып аламыз. Тек ғана жериңизден
өтип кетсек болды. 29 Сеирде жа-
сайтуғын Эсаў әўладлары менен
Арда жасайтуғын моаб халқы өз
шегараларынан өтиўимизге рух-
сат берди. Сиз де жериңизден өтип
кетиўимизге рухсат берсеңиз. Иор-
дан дәрьясынан өтип, Қудайымыз
Жаратқан Ийе бизлерге беретуғын
жерге жетип алайық“.
30 Деген менен, Хешбон патшасы
Сихон жеринен өтиўимизге рух-
сат бермеди. Себеби Қудайыңыз
Жаратқан Ийе бүгин көрип турға-
ныңыздай, Сихонды сизлерге тәс-
лим қылыў ушын, оның жүрегин
тас етип, өжет қылып қойған еди.
31 Жаратқан Ийе маған: „Мине,
Сихонды ҳәм оның елин саған тәс-
лим қылып атырман. Енди оның
елин қолға киргизип, ийелеп алыў-
ды басла“, – деди. 32 Сихон биз-
лер менен урысыў ушын, Яҳаста
барлық әскерлери менен бизлер-
ге қарсы шықты. 33 Қудайымыз
Жаратқан Ийе оны бизлерге тәс-
лим қылды. Сихонды, оның ул-
ларын ҳәм пүткил халқын қырып
тасладық. 34 Олардың барлық қа-
лаларын қолға киргизип, ҳәмме-
син жоқ қылдық. Еркек, ҳаял ҳәм
балаларынан ҳеш бирин аман қал-
дырмадық. 35 Тек ғана олардың
ҳайўанларын ҳәм қалаларындағы
мал-мүликлерин өзлеримизге ол-
жа етип алдық. 36 Арнон сайының
шетинде жайласқан Ароерден ҳәм
сайдың ишиндеги қаладан бас-
лап Гиладқа дейин ҳеш бир қала
бизлерден үстем келмеди. Себеби
Қудайымыз Жаратқан Ийе ҳәмме-
син бизлерге тәслим қылған еди.
37 Бирақ Қудайымыз Жаратқан
Ийениң буйрығы бойынша аммон-
лардың елине, Яббоқ дәрьясының
бойларындағы ҳәм таўлы үлкедеги
қалаларға жақынламадық».

### Израиллылардың Башан патшасы Огты жеңиўи

**3** 1 «Соннан кейин, бизлер Ба-
шаңға қарай жол алдық. Ба-
шан патшасы Ог бизлерге қарсы
урысыў ушын барлық ләшкерлери
менен Эдрейде бизлердиң алдымыз-
дан шықты. 2 Жаратқан Ийе маған:
„Оннан қорқпа! Өйткени оның өзин,
ләшкерлерин ҳәм пүткил елин саған
тәслим қыламан. Амор халқының
Хешбонда жасаған патшасы Сихон-
ға не ислеген болсаң, оған да соны
ислейсең“, – деди.
3 Солай етип, Қудайымыз
Жаратқан Ийе Башан патшасы
Огты ҳәм оның ләшкерлерин биз-
лерге тәслим қылды. Олардың ҳеш
бирин аман қалдырмай, ҳәммесин
қырып тасладық. 4 Қолға киргиз-
беген бирде бир қала қалдырмай,
Огтың барлық алпыс қаласын, Ба-
шандағы оның патшалығына кир-
ген барлық Аргоб үлкесин қолға
киргиздик. 5 Бул қалалардың ҳәм-
меси бийик дийўаллар, дәрўазалар
ҳәм дәрўазаларды қулыплап қояту-
ғын тәмбилер менен беккемленген
еди. Булардан басқа дийўаллар ме-
нен қоршалмаған көп аўыллар да
бар еди. 6 Хешбон патшасы Сихонға

ислегенимиздей, олардың ҳәмме-
син жоқ қылдық. Ҳәр бир қаланы
еркек, ҳаял ҳәм балалары менен
бирге пүткиллей жоқ қылдық.
7 Олардың барлық ҳайўанларын
ҳәм мал-мүликлерин өзлеримиз-
ге олжа етип алдық.

8 Солай етип, сол ўақытта бизлер
Арнон сайынан Хермон таўына де-
йин созылған Иордан дәрьясының
күншығыс жағасындағы жерлерди
амор халқының еки патшасының
қолынан тартып алдық. 9 Хермон
таўын сидонлылар Сирйон таўы, ал
амор халқы Сенир таўы деп атай-
ды. 10 Сол тегисликтеги барлық
қалаларды, пүткил Гиладты, Ог-
тың патшалығына тийисли Салка
менен Эдрей қалаларына дейин
созылған барлық Башанды қолға
киргиздик».

11 Рефа халқынан тек ғана Башан
патшасы Ог тири қалған еди. Ог-
тың Рабба қаласындағы жатату-
ғын орны темирден еди, әпиўайы
өлшемде бул орынның узынлығы
тоғыз, ени төрт шығанақ еди.

### Иордан дәрьясының шығыс тәрепинде жайласқан урыўлар

12 «Сонда бизлер қолға киргиз-
ген сол жерлерден Арнон сайының
шетинде жайласқан Ароер қаласы-
ның арқа тәрепин, Гилад таўлы үл-
кесиниң жартысын ҳәм ол жердеги
қалаларды Рубен ҳәм Гад урыўла-
рына бердим. 13 Менашше урыўы-
ның жартысына болса, Гиладтың
қалған бөлегин ҳәм Огтың патша-
лығына тийисли Башанды бердим.
Башандағы Аргоб үлкеси рефа хал-
қының ели деп есапланатуғын еди.
14 Менашше урыўынан болған Яир
пүткил Аргоб үлкесин ийелеп ал-
ды. Бул үлке гешурлылар менен
маахалылардың шегараларына де-
йин созылған еди. Яир Башан деп
аталған бул үлкени өзиниң аты ме-
нен атады ҳәм ол жерлер бүгинге
дейин Яирге тийисли қалалар деп
аталады. 15 Менашше урыўынан
болған Махирдиң урпағына Ги-
ладты бердим. 16 Рубен ҳәм Гад
урыўларына Гиладтан Арнон са-
йына дейин созылған жерлерди
бердим. Арнон сайының ортасы
олардың қубла шегарасы, бир бөле-
ги аммонлардың шегарасы болған
Яббоқ дәрьясы арқа шегарасы бол-
ды. 17 Олардың батыстағы шегара-
сы болса, Иордан тегислигиндеги
Иордан дәрьясы бойлап, арқадағы
Киннерет көлинен қубладағы Өли
теңизге дейин ҳәм оның шығысын-
дағы Писга таўының жанбаўырла-
рына дейин созылған еди.

18 Сонда мен сизлерге былай
деп буйрық бердим: „Қудайыңыз
Жаратқан Ийе усы Иордан дәрья-
сының шығыс тәрепиндеги жер-
ди сизлерге мүлик етип берди.
Енди сизлердиң барлық урысқа
жарамлы адамларыңыз қуралла-
нып, дәрьядан кесип өтсин. Олар
израиллы туўысқанларының ал-
дында жүрсин. 19 Ал ҳаялларыңыз
бенен балаларыңыз мен сизлерге
берген қалаларда қалсын. Малла-
рыңыз көп екенин билемен, олар
да қалаларыңызда қала берсин.
20 Жаратқан Ийе сизлерге рәҳәт
бергениндей, туўысқанларыңыз
да рәҳәтке ериссин ҳәм Қудайыңыз
Жаратқан Ийе берип атырған Иор-
дан дәрьясының арғы тәрепиндеги

жерди ийелеп алыўына жәрдем бе-
риң. Соннан кейин, ҳәр бириңиз
өзлериңизге берилген усы жерге
қайтып келиўиңизге болады“.
21 Сол ўақытта мен Ешуаға:
„Қудайың Жаратқан Ийениң бул
еки патшаға не ислегенин өз көзиң
менен көрдиң. Жаратқан Ийе сен
басып өтетуғын сол барлық патша-
лықларды да сондай аўҳалға сала-
ды. 22 Олардан қорқпа! Қудайыңыз
Жаратқан Ийе сизлер ушын уры-
сады“, – дедим».

### Жаратқан Ийениң Қанан елине Муўсаның кириўин қадаған етиўи

23 «Кейин мен Жаратқан Ийеге
былай деп жалбарындым: 24 „Қудай
Ийе, уллылығыңды ҳәм қүдиретли
қолыңды Өз қулыңа көрсетип бас-
ладың. Аспанда да, жерде де Сениң
әжайып ҳәм уллы ислериңди ислей
алатуғын басқа ҳеш қандай қудай
жоқ! 25 Маған рухсат бер, мен Иор-
дан дәрьясынан өтип, арғы жағадағы
әжайып елди, сол сулыў таўлы үлке-
ни ҳәм Лебанон таўларын көрейин“.
26 Бирақ Жаратқан Ийе сизлер
себепли маған ғәзепленип, жал-
барыныўыма қулақ салмады. Ол
маған былай деди: „Жетер, бол-
ды! Маған бул ҳаққында артық сөз
айтпа. 27 Писга таўына шық. Батыс-
қа, арқаға, қублаға ҳәм шығысқа
көз таслап, жақсылап өз көзиң ме-
нен көрип ал. Себеби сен Иордан
дәрьясының арғы жағасына өтпей-
сең. 28 Ешуаға хызметти тапсыр.
Оны жигерлендирип, руўхландыр.
Өйткени бул халық Иордан дәрья-
сының арғы жағасына Ешуаның
басшылығы астында өтеди. Сен
көретуғын жерлерди халыққа ол
мүлик етип, алып береди“. 29 Солай
етип, бизлер Бейт-Пеордың қарсы
алдындағы ойпатлықта тоқтадық».

### Муўсаның Израил халқын Қудайға бойсыныўға шақырыўы

4 1 «Енди, ҳәй Израил, мен сизлер-
ге үйрететуғын қағыйдалар ҳәм
нызамларға қулақ салыңлар. Өмирге
ийе болыў ушын ҳәм ата-бабалары-
ңыздың Қудайы Жаратқан Ийениң
өзлериңизге берип атырған жерине
кирип, оны мүлик етиўиңиз ушын,
буларды орынлаңлар. 2 Мен сизлерге
жеткерип атырған буйрықларға ҳеш
нәрсе қоспаңлар, ҳеш нәрсе алып та
тасламаңлар! Қудайыңыз Жаратқан
Ийениң сол буйрықларына әмел
қылыңлар!
3 Жаратқан Ийениң Баал-Пеорда
нелер ислегенин өз көзиңиз бенен
көрдиңиз. Қудайыңыз Жаратқан
Ийе Пеордағы Баалдың изине ер-
ген ҳәр бир адамды сизлердиң ара-
ңыздан жоқ қылды. 4 Қудайыңыз
Жаратқан Ийеге садық қалғанлар
бүгин де тири.
5 Мине, Қудайым Жаратқан Ийе-
ниң буйрығы бойынша мен сизлер-
ге қағыйда ҳәм нызамлар бердим.
Солай етип, мүлик етиў ушын ба-
ратуғын елде усыларға әмел қы-
лыңлар. 6 Усыларды орынласаңыз,
басқа халықлар сизлердиң қан-
дай даналыққа ҳәм ақыл-парасат-
қа ийе екениңизди көреди. Олар
усы қағыйдаларды еситип: „Бул
уллы халық шынында да дана
ҳәм ақыл-парасатлы екен!“ дей-
ди. 7 Қудайымыз Жаратқан Ийени
қашан шақырсақ та, Ол бизлерге

жақын. Қудайы өзлерине усын-
дай жақын болған басқа бир уллы
халық бар ма? [8] Бүгин мен сизлер-
ге берген усы нызам сыяқлы әдил
қағыйдалары ҳәм нызамлары бар
басқа бир уллы халық бар ма?

[9] Абайлы болыңлар, көзлериңиз
бенен көргенлериңизди умытпай,
өмириңиз даўамында жүрегиңизде
сақлаңлар. Буларды балаларыңызға
ҳәм балаларыңыздың балаларына
айтып бериңлер. [10] Хореб таўында
Қудайыңыз Жаратқан Ийениң ал-
дында турған күниңизди еслеңлер.
Сол күни Жаратқан Ийе маған бы-
лай деп айтқан еди: „Сөзлеримди
тыңлаўы ушын халықты Мениң ал-
дыма жыйна. Солай етип, олар өми-
ри даўамында Меннен қорқыўды
үйренсин, балаларына да үйретсин“.

[11] Сонда сизлер жақынласып,
таўдың етегинде турдыңлар. Таў
болса, аспанға дейин көтерилип
турған от ҳәм қап-қара бултлар ме-
нен қараңғылыққа капланған еди.
[12] Жаратқан Ийе оттың ишинен
сизлерге сөйледи. Сизлер айтылған
сөзлерди еситтиңиз, бирақ Оның
сүлдерин көрмедиңиз. Тек ғана да-
ўысты еситкен едиңиз. [13] Сизлер-
диң орынлаўыңыз ушын Жаратқан
Ийе Өз келисимин, яғный Он буй-
рықты берген еди. Оларды еки тас-
тың үстине жазды. [14] Өзлериңиз
мүлик етип алатуғын елде орын-
лаўыңыз керек болған қағыйдалар
ҳәм нызамларды сизлерге үйрети-
ўимди маған буйырды».

## Бутқа табыныўшылық ҳаққында ескертиў

[15] «Жаратқан Ийе Хореб таўын-
да оттың ишинен сизлерге сөйлеген
күни ҳеш қандай сүлдер көрмедиң-
лер. Соның ушын, қатты абайлы
болыңлар. [16] Ҳәне, жолдан азғы-
рылып, өзлериңиз ушын еркек-
тиң ямаса ҳаялдың сүлдериндеги,
[17] жерде жасайтуғын жаныўардың
ямаса аспанда ушып жүретуғын
қуслардың сүлдериндеги, [18] жер ба-
ўырлап жүриўши жаныўардың яма-
са суўдағы балықтың сүлдериндеги
ҳеш қандай бут ислеп алмаңлар.
[19] Сондай-ақ, аспанға қарап, қуяш,
ай, жулдызларды – аспан денеле-
рин көрип азғырылыўға түспеңлер,
оларға табынып, хызмет етпеңлер.
Қудайыңыз Жаратқан Ийе булар-
ды жер жүзиндеги басқа халықлар
ушын арнап қойған. [20] Сизлерге кел-
сек, Жаратқан Ийе бүгингидей Өзи-
ниң халқы қылыў ушын, сизлерди
темир еритетуғын ошақтың иши-
нен – Мысыр жеринен алып шықты.

[21] Жаратқан Ийе сизлер себепли
маған ғәзепленди. „Иордан дәрья-
сының арғы жағасына өтпейсең ҳәм
Мен халыққа мүлик етип берету-
ғын сол жақсы жерге сен кирмей-
сең“, – деп Қудайыңыз Жаратқан
Ийе маған ант ишти. [22] Мен Иор-
дан дәрьясының арғы жағына өте
алмайман, усы жерде өлемен. Би-
рақ сизлер Иорданның арғы жағы-
на өтип, сол жақсы жерди мүлик
етип аласызлар. [23] Сонда абайлы
болыңлар! Қудайыңыз Жаратқан
Ийениң сизлер менен дүзген ке-
лисимин умытпаңлар, Ол қадаған
қылған ҳеш бир заттың сүлдерине
мегзетип, өзлериңизге бут ислеп
алмаңлар. [24] Өйткени Қудайыңыз
Жаратқан Ийе жандырып жоқ қы-
лып жиберетуғын от ҳәм Ол қыз-
ғаныўшы Қудайдур.

25 Сол елде узақ ўақыт жасап,
балалы ҳәм ақлықлы болғаннан
кейин, жолдан азғырылмаңлар.
Өзлериңиз ушын ҳәр түрли зат-
тың сүлдерине мегзетип бут ис-
леп, Қудайыңыз Жаратқан Ийениң
нәзеринде жаўыз болған ислер-
ди ислесеңиз, Оны ғәзеплендире-
сиз. 26 Бүгин сизлерге қарсы жерди
ҳәм аспанды гүўа қыламан: егер
маған қулақ салмасаңыз, Иор-
дан дәрьясынан өтип, мүлик етиў
ушын баратуғын елде сөзсиз ҳәм
тез өлип кетесизлер. Ол жерде узақ
ўақыт жасамайсызлар, пүткил-
лей жоқ боласызлар. 27 Жаратқан
Ийе сизлерди басқа халықлар-
дың арасына тарқатып жибере-
ди. Сол халықлардың арасында
базыларыңыз ғана аман қаласыз-
лар. 28 Ол жерде көзи көрмейту-
ғын, еситпейтуғын, жемейтуғын
ҳәм ийис сезбейтуғын адамзат-
тың қолынан исленген ағаш ҳәм
тас қудайларға табынатуғын бо-
ласызлар. 29 Деген менен, сизлер
Қудайыңыз Жаратқан Ийени шын
жүрегиңиз ҳәм жан-тәниңиз бе-
нен излесеңиз, Оны табасызлар.
30 Қыйыншылыққа дуўшар болға-
ныңызда ҳәм усылардың барлығы
басыңызға түскеннен кейин барып,
Қудайыңыз Жаратқан Ийеге қай-
тасызлар, Оның сөзине қулақ са-
ласызлар. 31 Себеби Қудайыңыз
Жаратқан Ийе реҳимли Қудайдур.
Ол сизлерди таслап кетпейди, жоқ
қылып жибермейди ҳәм ата-баба-
ларыңыз бенен ант ишип дүзген
келисимин умытпайды.

32 Сизлер дүньяға келмесиңизден
алдынғы күнлерди, Қудайдың жер
жүзиндеги адамзатты жаратқан
күннен усы күнге дейин өткен
дәўирди сорастырып көриңлер.
Дүньяның бир шетинен екинши
шетине дейин сорап көриң, сондай
уллы ўақыя улыўма болды ма екен
ямаса ким болса да, усыған уқса-
ған бир ўақыяны еситти ме екен?
33 Сизлерге уқсап, оттың ишинен
сөйлеген Қудайдың даўысын еси-
тип, аман қалған басқа бир халық
бар ма? 34 Қудайыңыз Жаратқан
Ийениң Мысырда нелер ислегенин
сизлер өз көзиңиз бенен көрдиңиз.
Қайсы қудай сондай апатлар, кә-
раматлы белгилер, таң қаларлық
ислер, саўаш, созылған күшли ҳәм
қудиретли қол, уллы ҳәм қорқы-
нышлы ислер арқалы басқа бир
халықтың арасынан өзине бир ха-
лықты айырып алыў ушын барды?

35 Жаратқан Ийениң Қудай еке-
нин ҳәм Оннан басқа қудай жоқ
екенин билсин, деп бул ўақыялар
сизлерге көрсетилген. 36 Ол сиз-
лерди туўры жолға салыў ушын,
аспаннан даўыслап сөйледи. Жер
жүзинде Ол сизлерге уллы отын
көрсетти. Оттың ишинен Оның
сөзлерин еситтиңиз. 37 Ол ата-ба-
баларыңызды сүйгенликтен ҳәм
олардың урпағын таңлағаны ушын,
сизлерди уллы күши менен Мысыр-
дан Өзи алып шықты. 38 Бундағы
Оның мақсети сизлерден көп ҳәм
күшли болған халықларды алды-
ңыздан қуўып, олардың жерлерине
киргизип, бүгингидей мүлик ети-
ўиңиз ушын жерлерин сизлерге
бериў еди.

39 Соның ушын, бүгин Жаратқан
Ийениң аспанда ҳәм жер жүзинде
Қудай екенин, Оннан басқа қудай
жоқ екенлигин билип алыңлар ҳәм

жүрегиңизде сақлаңлар. 40 Сизлер
ҳәм урпақларыңыз абадан турмыс
кешириўиңиз ушын, Қудайыңыз
Жаратқан Ийениң мәңгиге сизлер-
ге берип атырған бул жерлерде узақ
жыллар жасаўыңыз ушын, бүгин
мен сизлерге жеткерип атырған
Жаратқан Ийениң қағыйдалары-
на ҳәм буйрықларына әмел қы-
лыңлар».

### Иордан дәрьясының шығыс тәрепиндеги паналайтуғын қалалар

41 Соннан кейин, Муўса Иордан
дәрьясының шығыс тәрепинен үш
қаланы ажыратты. 42 Солай етип,
алдыннан жаўызлық қылыў ни-
йети болмай, бир адамды абай-
сызда өлтирип қойған адам усы
қалалардың биреўине қашып, өз
жанын қутқарып қалыўы мүмкин.
43 Бул қалалар мыналар еди: Рубен
урыўы ушын тегисликте жайлас-
қан Бесер қаласы, Гад урыўы ушын
Гиладтағы Рамот қаласы, Менаш-
ше урыўы ушын Башандағы Го-
лан қаласы.

### Нызамға кирисиў

44 Муўса Израил халқына төмен-
деги нызамларды берди. 45 Изра-
иллылар Мысырдан шыққаннан
кейин, Муўсаның оларға берген
тәртиплери, қағыйдалары ҳәм ны-
замлары мыналар. 46 Муўса булар-
ды Иордан дәрьясының шығыс
тәрепинде, Бейт-Пеордың қарсы
алдындағы ойпатлықта баянла-
ды. Бул жерлер алдын Хешбонда
ҳүкимдарлық қылған аморлар-
дың патшасы Сихонға тийисли
еди. Муўса менен израиллылар
Мысырдан шыққаннан кейин, Си-
хонды жеңилиске ушыратқан еди.
47 Израил халқы Сихонның ҳәм
Башан патшасы Огтың жерлерин,
яғный Иордан дәрьясының шы-
ғыс тәрепинде жасайтуғын амор
халқының еки патшасының елин
қолға киргизген еди. 48 Бул жерлер
Арнон сайының шетинде жайлас-
қан Ароер қаласынан Сийонға де-
йин, яғный Хермон таўына дейин
созылған еди. 49 Және де, Писга та-
ўының жанбаўырларындағы Өли
теңизге дейин созылған бул жерлер
Иордан дәрьясының шығыс жаға-
сындағы пүткил тегисликти де өз
ишине алатуғын еди.

### Он буйрық

*(Шығ 20:1-17)*

**5** 1 Муўса пүткил израиллылар-
ды бир жерге жыйнап, оларға
былай деди: «Ҳәй, Израил, бүгин
сизлерге айтатуғын қағыйдалар ҳәм
нызамларға қулақ салыңлар! Олар-
ды үйренип, муқыятлы түрде орын-
лаңлар! 2 Қудайымыз Жаратқан Ийе
Хореб таўында бизлер менен бир
келисим дүзди. 3 Жаратқан Ийе ата-
бабаларымыз бенен емес, ал биз-
лер менен, бүгин усы жерде тири
болған ҳәммемиз бенен келисим
дүзди. 4 Жаратқан Ийе сол таўда
оттың ишинен сизлер менен жүз-
бе-жүз сөйлести. 5 Сол ўақытта мен
Жаратқан Ийе менен сизлердиң ара-
ңызда турып, Оның сөзин сизлерге
жеткердим. Себеби сизлер оттан
қорқып, таўға шықпадыңыз. Сон-
да Жаратқан Ийе былай деп айтты:

6 „Мен – сени Мысырдан, қул
болған жериңнен алып шыққан
Қудайың Жаратқан Ийемен.

[7] Сениң Меннен басқа қудайла-
рың болмасын.
[8] Жоқарыдағы аспанда, төменде-
ги жер жүзинде ҳәм жер астындағы
суўларда болған ҳеш бир нәрсениң
көринисин соғып, өзиңе бут жа-
сама. [9] Оларға табынба ҳәм хыз-
мет қылма. Себеби Мен – сениң
Қудайың Жаратқан Ийе, қызға-
ныўшы Қудайман. Мени жек көр-
генлерди әкесиниң гүнасы ушын
балаларын, олардың үшинши, төр-
тинши әўладына шекем жазалай-
ман. [10] Бирақ Мени сүйгенлерге
ҳәм буйрықларымды орынлаған-
ларға мыңыншы урпағына дейин
жақсылық қыламан.
[11] Қудайың Жаратқан Ийениң
атын жөнсиз тилиңе алма. Өйтке-
ни Жаратқан Ийе атын босқа тилге
алғанларды жазасыз қалдырмайды.
[12] Қудайың Жаратқан Ийениң
буйрығына муўапық, Шаббат кү-
нине әмел қылып, оны мухаддес
тут. [13] Алты күн жумыс ислеп, бар-
лық ислериңди исле. [14] Ал жетин-
ши күн Маған, Қудайың Жаратқан
Ийеге арналған Шаббат күни. Сол
күни ҳеш қандай ис қылма. Улың
да, қызың да, қулың да, шорың да,
өгизиң, ешегиң ҳәм басқа малла-
рың да, араңыздағы келгинди адам
да ҳеш қандай ис қылмасын. Солай
етип, қул ҳәм шорыларың да өзиң-
дей дем алсын. [15] Мысырда қул бол-
ғаныңды ҳәм Қудайың Жаратқан
Ийе сени сол жерден күшли ҳәм
қүдиретли қолын созып шығарға-
нын есле. Соның ушын, Қудайың
Жаратқан Ийе Шаббат күнине әмел
қылыўыңды буйырды.
[16] Қудайың Жаратқан Ийе буйыр-
ғаныңдай, ата-анаңды ҳүрметле.
Сонда Қудайың Жаратқан Ийениң
саған беретуғын жеринде өмириң
узақ болады ҳәм абадан турмыс
кеширесең.
[17] Адам өлтирме.
[18] Неке ҳадаллығын бузба.
[19] Урлық ислеме.
[20] Ҳеш кимге қарсы жалған гү-
ўалық берме.
[21] Ҳеш бир адамның ҳаялын кү-
семе. Оның үйин, атызын, қулын,
шорысын, өгизин, ешегин, ҳеш бир
нәрсесин күсеме“.
[22] Жаратқан Ийе бул сөзлерди
пүткил жәмийетиңизге сол таўда
оттың, булттың, қойыў қараңғы-
лықтың ишинен бәлент даўыс пе-
нен айтты. Бул сөзлерге басқа ҳеш
нәрсе қоспады. Соннан кейин, Ол
бул буйрықларды тегис еки тастың
үстине жазып, маған берди.
[23] Таў от болып жанып турғанда,
қараңғылық ишинен даўыс еситти-
ңиз. Сонда барлық урыў басшыла-
рыңыз ҳәм ақсақалларыңыз мениң
алдыма келип, [24] былай деди: „Ми-
не, Қудайымыз Жаратқан Ийе биз-
лерге салтанатын ҳәм уллылығын
көрсетти ҳәм оттың ишинен шық-
қан Оның даўысын еситтик. Бүгин
бизлер Қудайдың адамзат пенен
сөйлескенин ҳәм адамзаттың ти-
ри қалғанын көрдик. [25] Бирақ ен-
ди бизлер не ушын өмиримизди
және қәўип астына қойыўымыз
керек? Бул үлкен от бизлерди жа-
ғып, жоқ етеди-ғо! Егер Қудайы-
мыз Жаратқан Ийениң даўысын
және бир мәрте еситсек, онда сөзсиз
өлип қаламыз. [26] Оттың ишинен
сөйлеген тири Қудайдың даўы-
сын бизлер сыяқлы еситип, тири
қалған адам бар ма? [27] Сен барып,

Қудайымыз Жаратқан Ийениң сөз-
лерин тыңла. Соннан кейин, Оның
барлық сөзлерин бизлерге айтып
бер. Бизлер қулақ салып, орын-
лаймыз“.
28 Жаратқан Ийе сизлердиң маған
айтқанларыңызды еситип, маған
былай деди: „Мен бул халықтың
саған не айтқанларын еситтим.
Олардың барлық айтқанлары ду-
рыс. 29 Қәнекей, олардың жүрекле-
ри ҳәмме ўақытта усындай болса,
Меннен қорқып, барлық буйрық-
ларыма әмел қылса! Сонда өзле-
ри де, урпақлары да мәңги абадан
турмыс кеширер еди.
30 Енди сен оларға барып, ша-
тырларыңызға қайтың, деп айт.
31 Ал сен усы жерде, Мениң қасым-
да қал. Мен саған барлық буйрық-
ларымды, қағыйдаларымды ҳәм
нызамларымды беремен. Булар-
ды халыққа сен үйретесең. Солай
етип, Мен оларға мүлик етип берип
атырған елде булардың ҳәммесине
әмел қылсын“.
32 Енди оңға да, солға да бурыл-
май, Қудайыңыз Жаратқан Ийе-
ниң сизлерге берген буйрықларын
муқыятлы түрде орынлаңлар.
33 Қудайыңыз Жаратқан Ийениң
буйырған барлық жоллары менен
жүриңлер. Сонда сизлер мүлик
етип алатуғын жерде аман болып,
абадан турмыс кеширип, узақ өмир
сүресизлер».

## Ең уллы буйрық

6 1 «Булар Қудайыңыз Жаратқан
Ийениң сизлерге үйретиў ушын
маған берген буйрықлары, қағый-
далары ҳәм нызамлары. Иордан
дәрьясынан өтип, мүлик етиў ушын
баратырған елде оларға әмел қы-
лың. 2 Мен сизлерге берип атырған
барлық қағыйда ҳәм буйрықларға
өзлериңиз, балаларыңыз ҳәм ба-
лаларыңыздың балалары да әмел
қылып, өмириңиздиң ақырына де-
йин Қудайыңыз Жаратқан Ийеден
қорқып жасаң. Сонда өмириңиз узақ
болады. 3 Ҳәй, Израил халқы қулақ
салың! Буларды муқыятлы түрде
орынлаң. Сонда ата-бабаларыңыз-
дың Қудайы Жаратқан Ийениң сиз-
лерге айтқанындай сүт ҳәм пал ағып
турған жерде өсип-өнип көбейесиз
ҳәм абадан турмыс кеширесиз.
4 Қулақ сал, Израил! Жаратқан
Ийе – бизлердиң Қудайымыз, тән-
ҳа Жаратқан Ийе. 5 Қудайыңыз
Жаратқан Ийени шын жүрегиңиз,
жан-тәниңиз ҳәм бар күшиңиз бе-
нен сүйиң. 6 Бүгин мен сизлерге
берип атырған бул буйрықларды
жүрек төриңизде сақлаң. 7 Булар-
ды балаларыңызға да муқыятлы
түрде үйретиң. Үйде отырғанда
да, жолда жүргенде де, жатқанда
да, турғанда да усылар туўралы
айтып бериң. 8 Буларды белги қы-
лып, қолларыңызға байлап қойың,
маңлайыңызға нышан сыпатында
тағып қойың. 9 Үйиңиздеги есик-
тиң жақлаўларына, қалаларыңыз-
дың дәрўазаларына жазып қойың».

## Қудайдың сөзине қулақ салмайтуғынларға қарсы ескертиў

10 «Қудайыңыз Жаратқан Ийе
ата-бабаларыңыз болған Ибрайым-
ға, Ысаққа ҳәм Яқыпқа беремен деп
ант ишкен жерге сизлерди алып ки-
реди. Ол сизлерге өзлериңиз қур-
маған үлкен ҳәм жақсы қалаларды,

11 өзлериңиз жыйнамаған жақсы
мал-мүликлерге толы үйлерди, өз-
лериңиз мийнет етип қазбаған суў
сақлағышларды, өзлериңиз екпе-
ген жүзимзарларды ҳәм зәйтүн бағ-
ларын береди. Ол жерде ишип-жеп
тоясызлар. 12 Сол ўақытта абайлы
болыңлар! Сизлерди Мысырдағы
қуллықтан алып шыққан Жаратқан
Ийени умытпаңлар.

13 Қудайыңыз Жаратқан Ийеден
қорқыңлар. Тек ғана Оған хызмет
етип, Оның аты менен ант ишиңлер.
14 Басқа қудайларға, дөгерегиңиз-
деги халықлардың қудайларына
ермеңлер. 15 Себеби араңызда бо-
латуғын Қудайыңыз Жаратқан Ийе
қызғаныўшы Қудайдур. Егер Ол
ғәзеплене, сизлерди жер жүзи-
нен жоқ қылып жибереди. 16 Мас-
сада ислегениңиздей[a], Қудайыңыз
Жаратқан Ийени сынамаңлар.
17 Қудайыңыз Жаратқан Ийениң
буйрықларын, сизлерге берген
тәртип ҳәм қағыйдаларын біре-
ўин де қалдырмай орынлаңлар.
18 Жаратқан Ийениң нәзеринде
дурыс ҳәм жақсы болған ислер-
ди ислеңлер. Сонда сизлер абадан
турмыс кеширесиз, Ол ата-баба-
ларыңызға беремен деп ант ишкен
жақсы жерди мүлик етип аласыз.
19 Жаратқан Ийениң Өзи айтқа-
нындай, Ол сизлердиң барлық душ-
панларыңызды ол жерден қуўып
шығарады.

20 Егер де келешекте балала-
рыңыз сизлерден: „Қудайымыз
Жаратқан Ийе усы тәртиплерди,
қағыйдаларды ҳәм нызамларды
сизлерге не себептен берди?“ – деп
сораса, 21 оларға былай деп айтың-
лар: „Бизлер Мысырда фараонның
қулы едик. Жаратқан Ийе бизлерди
күшли қолы менен ол жерден алып
шықты. 22 Ол бизлердиң көз ал-
дымызда Мысырға, фараонға ҳәм
олардың шаңарақларына қарсы ул-
лы, қорқынышлы кәраматлар ҳәм
белгилер көрсетти. 23 Ол ата-баба-
ларымызға ант ишип, ўәде қылған
жерге бизлерди алып келиў ушын
ҳәм ол жерди бизлерге бериў ушын
бизлерди Мысырдан алып шық-
ты. 24 Бизлердиң бәрҳа бахытлы
өмир сүриўимиз ҳәм бүгингидей
тири жүриўимиз ушын, Қудайы-
мыз Жаратқан Ийе усы қағыйда-
лардың ҳәммесине әмел қылып,
Оннан қорқыўымызды буйырды.
25 Қудайымыз Жаратқан Ийениң
алдында усы буйрықларды мұқы-
ятлы түрде орынласақ, бизлер ҳақ
боламыз“».

### Қудайдың халқы

*(Шығ 34:11-16)*

**7** 1 «Қудайыңыз Жаратқан Ийе
сизлерди мүлик етип алатуғын
жериңизге алып барғанда, көп ха-
лықларды – хет, гиргаш, амор, қа-
нан, периз, хиў ҳәм ебус халықларын
сизлердиң алдыңыздан қуўып шы-
ғарады. Бул жети халық сизлерден
гөре көп ҳәм күшли. 2 Қудайыңыз
Жаратқан Ийе бул халықларды
сизлерге тәслим еткенде, олардың
үстинен жеңиске ерисесиз. Сонда
олардың ҳәммесин толығы менен
жоқ қылыңлар! Сол халықлар ме-
нен келисим дүзбеңлер, оларды ая-
маңлар. 3 Олар менен қуда-тамыр

[a] **6:16** Шығ 17:1-7; Сан 20:1-13.

болып, өз қызларыңызды олардың
улларына турмысқа берменңлер ҳәм
олардың қызларын улларыңызға
алып берменңлер. 4 Себеби олар ул-
қызларыңызды Жаратқан Ийеден
жүз бурдырады ҳәм ул-қызлары-
ңыз басқа қудайларға хызмет ете-
туғын болады. Сонда Жаратқан Ийе
сизлерге ғәзепленип, сизлерди сол
ўақыттың өзинде жоқ қылып жи-
береди. 5 Керисинше, ол халықлар-
ға мынадай қылыңлар: олардың
қурбанлық орынларын қыйратың-
лар, кийели тасларын сындырып
таслаңлар, кийели ағашларын ша-
ўып таслаңлар ҳәм бутларын жа-
ғып жибериңлер. 6 Өйткени сизлер
Қудайыңыз Жаратқан Ийениң му-
хаддес халқысыз. Жер жүзиндеги
барлық халықлардың арасынан Ол
сизлерди Өз ғәзийнеси сыпатында
таңлап алды.
7 Жаратқан Ийе сизлерди бас-
қа халықлардан көп болғаныңыз
ушын сүйип, таңламады. Сизлер
басқа барлық халықлардан аз еди-
ңиз. 8 Ал Жаратқан Ийе сизлерди
сүйгени ушын ҳәм ата-бабалары-
ңызға ишкен антын орынлаў ушын
сизлерди күшли қолы менен Мы-
сырдағы қуллықтан, Мысыр пат-
шасы фараонның қол астынан
азат етти. 9 Солай етип, Қудайы-
ңыз Жаратқан Ийе – ҳақыйқый
Қудай екенин билип алыңлар. Ол
садық Қудай, Өзин сүйип, буй-
рықларына әмел қылғанлардың
мыңыншы әўладына дейин Өз ке-
лисиминде садық қалып, жақсы-
лық қылады. 10 Бирақ Өзин жек
көргенлерди болса, екиленбестен
жоқ етеди. Аўа, оларды жазалаў-
ға кешикпейди. 11 Соның ушын,
бүгин мен сизлерге жеткерип атыр-
ған буйрықларды, қағыйдаларды
ҳәм нызамларды муқыятлы түрде
орынлаңлар».

## Буйрықларға бойсынғанларға берилетуғын жарылқаў

12 «Егер де усы буйрықларға бой-
сынып, оларды толық орынласа-
ңыз, онда Қудайыңыз Жаратқан
Ийе ата-бабаларыңызға ант иш-
кениндей, сизлер менен дүзген
келисимине садық қалады. 13 Ол
сизлерге беремен деп, ата-бабала-
рыңызға ант ишкен елде сизлерди
сүйип, жарылқап, көбейтеди. Сиз-
лердиң урпақларыңызды өнип-өс-
тирип, жериңиздиң зүрәәтин, дән
өнимлерин, жаңа шарапты, зәйтүн
майын, пада ҳәм сүриўлериңизди
мол қылады. 14 Басқа халықлардан
гөре, сизлер көп берекетли бола-
сыз. Сизлердиң араңызда нәсил-
сиз еркек те, бала көтермейтуғын
ҳаял да, қысыр мал да болмайды.
15 Жаратқан Ийе сизлерди ҳәр түр-
ли аўырыў-сырқаўлардан сақлайды.
Мысырда өзлериңиз көрген қорқы-
нышлы кеселликлердиң ҳеш бирин
сизлердиң басыңызға салмайды,
ал оларды душпанларыңызға жи-
береди. 16 Қудайыңыз Жаратқан
Ийе сизлерге тәслим қылатуғын
халықлардың барлығын қырып
таслаңлар, оларды аяп отырмаңлар.
Олардың қудайларына табынбаң-
лар. Өйткени олардың қудайлары
сизлер ушын дузақ болады.
17 Сизлер: „Бул халықлар бизлер-
ден гөре жүдә күшли-ғо, оларды қа-
лайынша қуўып шығарамыз?“ – деп
ойлап атырған шығарсыз. 18 Бирақ
олардан қорқпаңлар. Қудайыңыз

Жаратқан Ийениң фараонға ҳәм
пүткил Мысыр халқына нелер
ислегенин есиңизде сақлаңлар.
[19] Қудайыңыз Жаратқан Ийениң
сизлерди Мысырдан шығарыў
ушын, оларға жиберген уллы апат-
ларын, көрсеткен кәраматларын,
таң қаларлық ислерин, күшли ҳәм
қудиретли қолын созғанын өз кө-
зиңиз бенен көрдиңиз. Қудайыңыз
Жаратқан Ийе ҳәзир сизлер қорқып
атырған усы халықлардың ҳәмме-
сине де солай ислейди. [20] Ҳәтте-
ки, сизлерден жасырынып, аман
қалғанларға да ешек ҳәрре[a] жибе-
рип, оларды өлтиреди. [21] Олардан
қорқып, қәўетерге түспеңлер. Сиз-
лердиң араңыздағы Қудайыңыз
Жаратқан Ийе уллы ҳәм айбатлы
Қудайдур. [22] Ол усы халықларды
алдыңыздан аз-аздан қуўады. Сиз-
лер оларды бирден жоқ қыла ал-
майсыз. Болмаса, әтирапыңызды
жабайы ҳайўанлар басып кетеди.
[23] Қудайыңыз Жаратқан Ийе сол
халықларды сизлерге тәслим қы-
лады ҳәм олардың ҳәммесин ал-
быраўшылық ишинде қалдырып,
жоқ қылады. [24] Олардың патша-
ларын да сизлерге тәслим қыла-
ды. Сизлер олардың атларын жер
жүзинен өширип таслайсыз. Ҳеш
ким сизлерге қарсы тура алмай-
ды, сизлер ҳәммесин қырып тас-
лайсыз. [25] Олардың қудайларының
мүсинлерин жағып жибериңлер.
Сол мүсинлер қапланған гүмис ҳәм
алтынға қызығып, оларды өзлери-
ңизге алмаңлар. Егер алсаңыз, он-
да олар сизлерге дузақ болады. Бул
мүсинлер Қудайыңыз Жаратқан
Ийеге жеркенишлидур. [26] Усы жер-
кенишли затларды үйиңизге алып
бармаңлар, болмаса, олар сыяқлы
сизлер де жоқ қылынасыз. Сизлер
сол бутларды жек көрип, олардан
жеркениўиңиз керек, себеби олар
ғарғыстың астында болып, жоқ
қылыныўы керек».

### Жаратқан Ийени умытпаңлар

8 [1] «Бүгин мен сизлерге берип
атырған буйрықлардың ҳәм-
месин муқыятлы түрде орынлаң-
лар, сонда жасайсыз ҳәм көбейесиз.
Жаратқан Ийениң ата-бабалары-
ңызға беремен деп ант ишкен жерин
мүлик етип аласызлар. [2] Қудайыңыз
Жаратқан Ийе сизлерди қырық жыл
даўамында шөлде алып жүрди, сол
жүрген узақ жолыңызды есте сақ-
лаңлар! Сизлердиң жүрегиңизде не
бар екенин ҳәм Оның буйрықла-
рына бойсынатуғыныңыз, я бой-
сынбайтуғыныңызды билиў ушын,
сизлерге қыйыншылық жиберип,
сынады. [3] Ол сизлерди аш қалдырып,
бойсындырды. Кейин өзлериңиз де,
ата-бабаларыңыз да көрмеген ман-
на менен тойдырды[b]. Буны адамның
тек ғана нан менен емес, ал Жаратқан
Ийениң аўзынан шыққан ҳәр бир
сөз бенен жасайтуғынын сизлерге
үйретиў ушын иследи. [4] Сол қырық
жыл даўамында я кийимлериңиз тоз-
бады, я аяқларыңыз исип кетпеди.
[5] Мыныны есте тутыңлар: әке бала-
сын қалай тәрбияласа, Қудайыңыз
Жаратқан Ийе де сизлерди солай
тәрбиялайды.

---

[a] **7:20** *Ешек ҳәрре* – албыраў яки қорқыныш мәнисин аңлатыўы мүмкин.
[b] **8:3** Шығ 16:31.

6 Сонлықтан Қудайыңыз
Жаратқан Ийениң буйрықларына
бойсынып, көрсеткен жолы менен
жүриң ҳәм Оннан қорқың. 7 Ол сиз-
лерди жақсы бир жерге алып барады.
Ол жердиң дәрьялары, булақлары
ҳәм таўлар менен ойпатлықларда
жер астынан шығатуғын суўлары,
8 бийдайы, арпасы, жүзими, әнжири,
анары, зәйтүн ағашлары ҳәм палы
бар. 9 Сол елде тойып нан жейсиз-
лер, ҳеш қандай мүтәжлик көрмей-
сизлер. Ол сондай ел, тасларынан
темир, таўларынан мыс аласызлар.
10 Сол жерде ишип-жеп тойғаны-
ңызда, сизлерге берген өнимдар ел
ушын, Қудайыңыз Жаратқан Ийеге
шүкирлик билдириңлер. 11 Қудайы-
ңыз Жаратқан Ийени умытпаңлар,
бүгин мен сизлерге жеткерип атыр-
ған Оның буйрықларын, нызамла-
рын ҳәм қағыйдаларын орынламай
қалыўдан сақ болыңлар. 12 Және,
қарныңыз тойып, сулыў үйлер са-
лып, жайласып алғанда, 13 ири ҳәм
майда малларыңыз көбейип, гүмис-
алтынларыңыз ҳәм мал-дүньяңыз
артқанда, 14 менмен болып кетпең-
лер! Сизлерди Мысыр елиндеги
қуллықтан алып шыққан Қудайы-
ңыз Жаратқан Ийени умытпаңлар!
15 Жаратқан Ийе сизлерди зәҳәр-
ли жыланлар ҳәм шаянларға толы
сол үлкен ҳәм қорқынышлы шөл-
ден, қурғақ ҳәм суўсыз жерлерден
алып өтти. Ол жерде сизлер ушын
жартастан суў шығарды. 16 Ата-ба-
баларыңыз көрмеген манна ме-
нен шөлде сизлерди тойдырды.
Ақыбетинде сизлерге жақсылық
алып келиў ушын, сизлерди қы-
йыншылыққа дуўшар етип, сына-
ды. 17 Сизлер: „Усы мал-дүньяны өз
күш-қуўатым менен таптым“, – деп
ойламаңлар. 18 Ал сол мал-дүнья-
ны жыйнаўға сизлерге күш-қуўат
берген Қудайыңыз Жаратқан Ийе
екенин есиңизде тутыңлар. Ол ата-
бабаларыңыз бенен дүзген кели-
симине садық болғаны ушын, оны
бүгин орынлап атыр.
19 Бүгин мен сизлерди қатал
ескертемен: егер Қудайыңыз
Жаратқан Ийени умытып, басқа
қудайлардың изине ерип кетсеңиз,
оларға хызмет етип, алдында та-
бынсаңыз, онда сөзсиз жоқ болып
кетесиз! 20 Қудайыңыз Жаратқан
Ийе сизлердиң алдыңыздан бас-
қа халықларды жоқ қылып атыр-
ғанындай, Оған бойсынбағаныңыз
ушын, сизлерди де жоқ қылады».

### Жаратқан Ийениң халыққа жерди бериўиниң себеби

9 1 «Қулақ салың, ҳәй, Израил
халқы! Сизлер бүгин өзлери-
ңизден көп ҳәм күшли болған ха-
лықлардың жерлерин мүлик етиў
ушын, Иордан дәрьясынан өтесиз.
Олардың үлкен қалалары аспанға
тийер дийўаллар менен қоршалған.
2 Сол күшли, узын бойлы халық
Анақ әўладынан. Оларды өзлери-
ңиз билесиз. Олар ҳаққында: „Анақ
әўладларына ким қарсы шыға алар
екен?“ – деген сөзлерди еситкенсиз-
лер. 3 Бирақ бүгин мынаны билип
қойыңлар: Қудайыңыз Жаратқан
Ийе жалмамай жутатуғын жалын
сыяқлы сизлердиң алдыңыздан ба-
рады. Ол Анақ әўладларын жеңилис-
ке ушыратып, сизлерге бас ийдиреди.
Сонда Жаратқан Ийе сизлерге ўәде
бергениндей, оларды қуўып, бир
майданда жоқ қыласыз.

4 Қудайыңыз Жаратқан Ийе сол
халықларды сизлердиң алдыңыз-
дан қуўып шығарғаннан кейин, сиз-
лер өзлериңизше: „Жаратқан Ийе
ҳақлығымыз себепли бул елди ийе-
леўимиз ушын, бизлерди усы жерге
алып келди“, – деп ойлап жүрмең-
лер. Өйткени Жаратқан Ийе бул ха-
лықларды ислеген жаўызлықлары
ушын, сизлердиң алдыңыздан қу-
ўып атыр. 5 Сизлер өз әдиллигиңиз
ҳәм кеўлиңиздиң ҳақлығы себеп-
ли олардың жерлерин мүлик етип
алып атырған жоқсыз. Қудайыңыз
Жаратқан Ийе бул халықларды ис-
леген жаўызлықлары себепли сиз-
лердиң алдыңыздан қуўып атыр.
Усылайынша, Ол ата-бабаларың-
ңыз Ибрайым, Ысақ ҳәм Яқыпқа
ант ишип, берген ўәдесин орын-
лайды. 6 Мынаны билип қойыңлар:
Қудайыңыз Жаратқан Ийе сизлерге
бул жақсы жерди ҳақ болғаныңыз
ушын берип атырған жоқ. Керисин-
ше, сизлер қайсар бир халықсыз».

## Тана сүлдериндеги бут ҳәм Муўсаның халық ушын жалбарыныўы

7 «Қудайыңыз Жаратқан Ийени
шөлде қаншелли ғәзеплендирге-
ниңизди есиңизде сақлаң, ҳасла
умытпаңлар. Мысырдан шыққан
күннен баслап, усы жерге жетип
келгенге дейин ҳәмме ўақытта
Жаратқан Ийеге қарсы бас көте-
рип келдиңиз. 8 Хореб таўында
Жаратқан Ийениң ғәзебине тий-
гениңиз соншелли, Ол сизлерди
жоқ қылып жиберейин деп қал-
ды. 9 Сонда мен еки тасты, яғный
Жаратқан Ийениң сизлер менен
дүзген келисим тасларын алыў
ушын, таўға шыққан едим. Мен
ол жерде қырық күн, қырық түн
болып, ҳеш нәрсе ишип-жемедим.
10 Жаратқан Ийе Өз қолы менен
жазған еки тасты маған берди. Бул
тасларда сизлер таўда жыйналған
күни Жаратқан Ийениң от иши-
нен сизлерге айтқан буйрықлары-
ның ҳәммеси жазылған еди. 11 Сол
қырық күн, қырық түннен кейин
Жаратқан Ийе маған еки тасты,
келисим тасларын берди.

12 Соннан кейин, Жаратқан Ийе
маған: „Қәне, бул жерден дәрҳал
төмен түс. Себеби Мысырдан алып
шыққан халқың жолдан азғырыл-
ды. Олар Мен буйырған жолдан
шығып, өзлерине бир бут мүсинин
ислеп алды“, – деди. 13 Жаратқан
Ийе маған және: „Бул халықтың
ҳақыйқаттан қайсар халық екенин
көрдим! 14 Енди Мени тоқтатып
қалма. Мен олардың ҳәммесин жоқ
қылып, атларын жер жүзинен өши-
рип таслайман. Ал сеннен олардан
гөре күшлирек ҳәм көбирек халық
дөретемен“, – деди.

15 Солай етип, мен таўдан төменге
түстим. Таў от болып жанып тур-
ған еди. Мениң қолымда еки ке-
лисим тасы бар еди. 16 Сонда мен
сизлердиң Қудайыңыз Жаратқан
Ийеге қарсы гүна ислеп, өзлери-
ңизге тананың сүлдериндеги бут-
ты ислеп алғаныңызды көрдим.
Сизлер Жаратқан Ийениң берген
жолынан дәрҳал шығып кеткен
едиңиз. 17 Сол себепли қолымдағы
еки келисим тасын ылақтырып жи-
берип, сизлердиң көз алдыңызда
сындырып тасладым. 18 Соннан ке-
йин, мен көп гүнаңыз себепли, жә-
не Жаратқан Ийениң алдында узақ

ўақыт, қырық күн, қырық түн хеш нәрсе ишип-жемей, ет бетимнен жерге жатып, сизлер ушын жалбарындым. Себеби Жаратқан Ийениң нәзеринде жаўыз болған исти ислеп, Оның ғәзебин келтирген едиңиз. 19 Мен Жаратқан Ийениң жанып турған ғәзебиниң алдында қатты қорққан едим. Оның ғәзеби соншелли лаўлап кеткенликтен, Ол сизлерди жоқ қылмақшы еди. Деген менен, Жаратқан Ийе бул рет те мениң жалбарыныўыма қулақ салды. 20 Жаратқан Ийе Харонға да қатты ғәзепленип, оны өлтирмекши еди. Бирақ сол ўақытта Харон ушын да жалбарынған едим. 21 Ал мен сизлердиң гүналы исиңизди, яғный танаға мегзетип ислеген бутыңызды алып, жағып жибердим. Оны бөлеклеп, унтақлап ездим де, кейин оны таўда ағып турған булаққа шашып жибердим.

22 Сизлер және, Таберада да, Массада да, Киброт-Хаттааўада да Жаратқан Ийениң ғәзебин келтирдиңиз. 23 Жаратқан Ийе Кадеш-Барниядан сизлерди жиберип: „Барыңлар, сизлерге берип атырған елди мүлик етип, ийелеп алыңлар“, – деп буйырғанда да, сизлер Оның буйрығына қарсы шықтыңыз. Сизлер Оған исенбедиңиз, сөзлерине де қулақ салмадыңыз. 24 Мен сизлерди танығанымнан баслап, ҳәзирге дейин Жаратқан Ийеге қарсы шығып, бас көтерип киятырсыз.

25 Жаратқан Ийе сизлерди жоқ ететуғынын айтқанлықтан, мен Оның алдында сол қырық күн, қырық түн бойы ет бетимнен жерге жатып алған едим. 26 Сонда мен Жаратқан Ийеге былай деп жалбарынған едим: „Қудай Ийе, Сен Өз уллылығың менен азат етип, қүдиретли қолың менен Мысырдан алып шыққан халқыңды, Өз мүлкиңди жоқ етпе. 27 Қулларың Ибрайымды, Ысақты ҳәм Яқыпты есле. Бул халықтың қайсарлығына, жаўызлықлары менен гүналарына итибар берме. 28 Болмаса, Сен бизлерди алып шыққан елдиң халқы: Жаратқан Ийе оларды ўәде қылған жерине алып бара алмады. Ол сол халықты жек көргени ушын, шөлде жоқ қылыў мақсетинде оларды Мысырдан алып шыққан екен, – деп айтады. 29 Бирақ олар уллы күшиң ҳәм қүдиретли қолың менен Мысырдан алып шыққан Өзиңниң халқың ҳәм мүлкиңдур“».

## Муўсаның буйрықларды қайтадан алыўы

*(Шығ 34:1-10)*

**10** 1 «Сол ўақытта, Жаратқан Ийе маған былай деди: „Бурынғы тасқа уқсаған еки тас жонып алып, Мениң алдыма, таўға шық. Және, ағаштан бир сандық исле. 2 Мен усы тасларға алдын өзиң сындырып таслаған таслардағы буйрықларды жазаман. Кейин сен тасларды сандыққа салып қоясаң“.

3 Солай етип, мен акация ағашынан бир сандық иследим. Бурынғы таслардай етип, еки тас жонып алдым. Соннан кейин, еки тасты алып, таўға шықтым. 4 Таўда жыйналған күниңизде, Жаратқан Ийе от ишинен сизлерге айтқан он буйрықты алдынғыдай етип, сол еки тасқа және жазды да, оны маған берди. 5 Мен таўдан төмен түсип,

Жаратқан Ийе буйырғанындай, тасларды сандықтың ишине салып қойдым. Таслар ҳәзир де сол сандықтың ишинде турыпты».

[6] Израиллылар Беерот-Бене-Яақаннан шығып, Мосераға жүрип кетти. Харон сол жерде өлип, жерленди. Оның орнына баласы Элазар
бас руўханий болды. [7] Израиллылар ол жерден Гудгодаға, кейин болса, ағын суўлар үлкеси болған
Иотбатаға барды. [8] Сол ўақытта
Жаратқан Ийе Келисим сандығын көтерип жүрсин ҳәм дәргайымда хызмет етип, Мениң атым менен адамларға ақ пәтия берсин, деп Лебий урыўын таңлап алған еди. Олар бүгин де усы хызметти орынлап
киятыр. [9] Соның ушын, лебийлилер туўысқанлары болған басқа урыўлар сыяқлы жерден үлес алмады. Өйткени Қудайыңыз Жаратқан Ийениң оларға берген ўәдеси бойынша Жаратқан Ийениң Өзи олардың ырысқы-несийбесин береди.

[10] «Мен алдынғыдай, таўда және қырық күн, қырық түн қалдым. Сонда Жаратқан Ийе және бир мәрте мениң жалбарыныўымды еситип, сизлерди өлтирмейтуғын
болды. [11] Соннан кейин, Ол: „Қәне, тур, бул халықты баслап бар. Оларды Мен ата-бабаларына беремен деп ант ишкен жерге алып бар. Олар сол жерге барып, оны мүлик етип, ийелеп алсын“, – деди».

### Қудайдың талаплары

[12] «Енди, ҳәй, Израил халқы, Қудайыңыз Жаратқан Ийе сизлерден бир нәрсени ғана талап қылады: Қудайыңыз Жаратқан Ийеден қорқып, Оның жоллары менен жүриңлер, Оны сүйиңлер, шын жүрегиңиз ҳәм жан-тәниңиз бенен
Оған хызмет етиңлер. [13] Мен бүгин
сизлерге берип атырған Жаратқан Ийениң буйрықларына ҳәм қағыйдаларына әмел қылыңлар, сонда
абадан турмыс кеширесиз. [14] Көклер де, көклердиң көклери де, жер жүзи ҳәм оның ишиндеги барлық та Қудайыңыз Жаратқан Ийеге тийислидур.
[15] Деген менен, Жаратқан
Ийе сизлердиң ата-бабаларыңызды сүйди. Мине, Ол бүгин көрип турғаныңыздай, олардың урпағы болған сизлерди барлық халықлардың
арасынан таңлап алды. [16] Жүреклериңизди сүннет етиңлер, буннан
былай қайсар болмаңлар. [17] Себеби
Қудайыңыз Жаратқан Ийе, қудайлардың Қудайы, ийелердиң Ийесидур. Ол ҳеш кимге еки жүзлилик қылмайтуғын, ҳеш қандай пара алмайтуғын уллы, қудиретли ҳәм
айбатлы Қудайдур. [18] Ол жетим-жесирлердиң ҳуқықын қорғайды, келгиндилерди сүйип, оларға аўқат ҳәм
кийим береди. [19] Сизлер де келгиндилерди сүйиўиңиз керек, өйткени өзлериңиз де Мысырда келгин-
ди болған едиңиз. [20] Қудайыңыз
Жаратқан Ийеден қорқып, тек ғана Оған хызмет етиңлер. Оған садық қалып, Оның аты менен ант
ишиңлер. [21] Ол сизлердиң даңқыңыздур. Өз көзиңиз бенен көрген сол уллы ҳәм таң қаларлық ислерди сизлер ушын ислеген Қудайыңыз-
дур. [22] Сизлердиң ата-бабаларыңыз
Мысырға барғанда, олар бары-жоғы жетпис адам еди. Ал ҳәзир болса, Қудайыңыз Жаратқан Ийе сизлерди аспандағы жулдызлар сыяқлы сансыз етип көбейтти».

### Жаратқан Ийениң уллылығы

**11** 1 «Қудайыңыз Жаратқан Ийени сүйиңлер. Оның тапсырмаларына, қағыйдаларына, нызамларына ҳәм буйрықларына ҳәмме ўақытта әмел қылыңлар. 2 Бүгин мынаны есиңизде тутыңлар: Қудайыңыз Жаратқан Ийениң тәрбиясын алып жасаған балаларыңыз емес, ал сизлер боласыз. Сизлер Оның уллылығын, күшли қолын созғанын, қүдиретин, 3 Мысырда фараон ҳәм оның пүткил елине ислеген кәраматларын ҳәм белгилерин, 4 Мысыр ләшкерлерине, атларына, саўаш арбаларына нелер ислегенин, мысырлылар сизлердиң изиңизден қуўғанда, оларды Қызыл теңиздиң астына қалай мантықтырып, оларды қалайынша толығы менен жоқ қылғанын көрдиңиз[a]. 5 Усы жерге жетип келемен дегенше, Жаратқан Ийе сизлер ушын шөлде не ислегенин, 6 Рубен урыўынан Элиабтың уллары Датан менен Абирамға не ислегенин билесиз. Пүткил Израил халқының көз алдында жер ашылып, оларды, шаңарақларын, шатырларын ҳәм оларға тийисли болғанлар менен барлық жаныўарларын жутып жиберди. 7 Жаратқан Ийениң ислеген барлық уллы ислерин өз көзиңиз бенен көрдиңиз».

### Ўәде етилген елдиң берекетлери

8 «Сонлықтан бүгин мен сизлерге жеткерип атырған буйрықлардың ҳәммесине әмел қылыңлар. Сонда сизлер күшли боласыз ҳәм Иордан дәрьясынан өтип, мүлик етип алатуғын елди қолға киргизесиз. 9 Жаратқан Ийениң ата-бабаларыңызға ҳәм олардың урпақлары болған сизлерге беремен деп ант ишкен сүт ҳәм пал ағып турған жерде узақ өмир сүресиз. 10 Сизлер мүлик етип, ийелеў ушын баратырған ел, өзлериңиз шығып келген Мысыр елиндей емес. Палыз атызын тәрбиялағандай, Мысырда тұқым егип, аўыр мийнет пенен егинлериңизди суўғарар едиңлер. 11 Бирақ сизлер мүлик етип, ийелеў ушын баратырған ел таў ҳәм ойпатлықлардан ибарат болып, оның жери жаўын менен суўғарылады. 12 Бул жерге Қудайыңыз Жаратқан Ийениң Өзи ғамхорлық қылып, жыл басынан ақырына дейин ол жерди Өзи гүзетип турады.

13 Қудайыңыз Жаратқан Ийени сүйип, шын жүрегиңиз ҳәм жан-тәниңиз бенен Оған хызмет етиў ушын, бүгин мен сизлерге жеткерип атырған буйрықларға жақсылап қулақ салсаңыз, 14 Жаратқан Ийе жериңизге гүз ҳәм бәҳәр жаўынларын өз ўақтында жаўдырады. Солай етип, дәниңизди, таза шарабыңызды ҳәм зәйтүн майыңызды жыйнап аласыз. 15 Жаратқан Ийе атызларыңызда малларыңыз ушын от-шөп өсиреди, сизлердиң наныңыз мол болады. 16 Бирақ абайлы болыңлар! Және, азғырылып жолдан адаспаңлар. Басқа қудайларға хызмет етип, оларға табынбаңлар. 17 Болмаса, Жаратқан Ийе сизлерге ғәзепленип, аспанды

---

[a] **11:4** Шығ 14:10-31.

жаўып таслайды ҳәм жаўын жаў-
май, жер өз өнимин бермей қалады.
Нәтийжеде, Жаратқан Ийе сиз-
лерге берип атырған жақсы елде
тез қырылып, жоқ болып кетесиз.
[18] Мениң усы сөзлеримди ақыл-
ойыңыз бенен жүрегиңизде сақ-
лаңлар ҳәм қолыңызға белги
қылып байлап, маңлайыңызға
нышан қылып тағып қойыңлар.
[19] Буларды балаларыңызға үйре-
тиң. Үйде отырғанда да, жолда жүр-
генде де, жатқанда да, турғанда
да усылар туўралы айтып бериң.
[20] Үйиңиздеги есиктиң жақлаўла-
рына, қалаларыңыздың дәрўазала-
рына жазып қойың. [21] Солай етип,
Жаратқан Ийениң ата-бабалары-
ңызға беремен, деп ант ишкен елде
сизлердиң де, балаларыңыздың да
өмири узақ болсын ҳәм жердиң үс-
тинде аспан қанша турса, сол жер-
де сонша жасаңлар.
[22] Мен бүгин сизлерге жеткерип
атырған бул буйрықлардың ҳәм-
месин муқыятлы түрде орынласа-
ңыз, Қудайыңыз Жаратқан Ийени
сүйип, Оның жолларынан жүр-
сеңиз ҳәм Оған садық болсаңыз,
[23] Жаратқан Ийе бул халықлар-
дың барлығын сизлердиң алды-
ңыздан қуўып жибереди. Сизлер
өзлериңизден гөре, көбирек ҳәм
күшлирек болған халықлардың
жерлерин мүлик етип, ийелеп ала-
сыз. [24] Аяғыңыз тийген ҳәр бир жер
сизлердики болады. Сизлердиң жер
шегараларыңыз қубладағы шөл-
ден арқадағы Лебанон таўларына,
шығыстағы Евфрат дәрьясынан
батыстағы теңизге дейин созыла-
ды. [25] Сизлерге ҳеш ким қарсы ту-
ра алмайды. Себеби Қудайыңыз
Жаратқан Ийе сизлерге ўәде бер-
гениндей, аяғыңызды басқан ҳәр
бир жердеги адамларды сизлерден
қорқып, титирейтуғын қылады.
[26] Мине, бүгин мен сизлерге таң-
лаўыңыз ушын, жарылқаў менен
нәлетти усынып атырман. [27] Егер де
бүгин мен сизлерге жеткерип атыр-
ған Қудайыңыз Жаратқан Ийениң
буйрықларына бойсынсаңыз, он-
да жарылқаў аласыз. [28] Бирақ егер
де Қудайыңыз Жаратқан Ийениң
буйрықларына қулақ салмай, өз-
лериңиз танымайтуғын басқа қу-
дайлардың изинен кетип, сизлерге
бүгин буйырған жолдан азғырыл-
саңыз, онда нәлетке ушырайсыз.
[29] Қудайыңыз Жаратқан Ийе мүлик
етип берип атырған елге сизлерди
алып киргеннен кейин, Гериззим та-
ўында жарылқаўларды, Эбал таўын-
да нәлетлерди жәрияланлар. [30] Бул
еки таў Иордан дәрьясының батыс
тәрепинде, усы дәрьяның тегисли-
гинде жасайтуғын қананлылардың
жеринде жайласқан. Олар Гилгалға
жақын Морениң теребинф терек-
лиги қасында. [31] Сизлер тез арада
Қудайыңыз Жаратқан Ийе сизлерге
беретуғын елди мүлик етип, ийелеў
ушын, Иордан дәрьясынан өтесиз.
Ол жерди қолға киргизип, жайла-
сып алғаннан кейин, [32] мен бүгин
сизлерге жеткерип атырған қағый-
далардың ҳәм нызамлардың бире-
ўин де қалдырмай орынлаңлар».

## Сыйыныў ушын тек ғана бир орын

**12** [1] «Ата-бабаларыңыздың
Қудайы Жаратқан Ийе сиз-
лерге мүлик етип берип атырған
елде өмириңиз даўамында усы

қағыйда ҳәм нызамларды муқы-
ятлы түрде орынлаңлар. 2 Сизлер
жерлерин ийелейтуғын халықлар-
дың бийик таўлардағы, төбешик-
лердеги ҳәм қойыў жапырақлы
тереклердиң астындағы өз қудай-
ларына табынатуғын орынларын
бузып, пүткиллей жоқ қылыңлар.
3 Олардың қурбанлық орынларын
бузың, кийели тасларын сынды-
рып таслаң, кийели ағашларын жа-
ғып жибериң ҳәм қудайларының
мүсинлерин майдалап таслаң. Со-
лай етип, олардың қудайларының
атларын ол жерден жоқ қылыңлар.
4 Сизлер Қудайыңыз Жаратқан
Ийеге сол халықлардың табын-
ғанындай етип сыйынбаңлар.
5 Қудайыңыз Жаратқан Ийе Өз
атын орнатыў ушын, урыўларыңыз
арасында бир жерди таңлап ала-
ды. Сизлер сол жерге барып, Оған
сыйыныңлар. 6 Сизлер жандыры-
латуғын қурбанлықларыңызды,
басқа қурбанлықларыңызды, он-
нан бирлериңизди, бағышлаған
затларыңызды, ўәде етип атаған
ҳәм ықтыярлы садақаларыңыз-
ды, ири ҳәм майда малларыңыз-
дың биринши төллерин сол жерге
алып барыңлар. 7 Ол жерде сизлер
Қудайыңыз Жаратқан Ийениң ал-
дында өз шаңарағыңыз бенен бирге
ишип-жеп, Оның барлық ислери-
ңизге берекет бергени ушын шад-
ланыңлар.
8 Бүгин бизлер усы жерде ис-
леп атырған ислеримизди сол
жерде ислемеңлер. Бул жерде ҳәр
ким өзи қәлегениндей сыйынып
атыр. 9 Өйткени сизлер Қудайы-
ңыз Жаратқан Ийениң мүлик
етип берип атырған, тынышлыққа
еристиретуғын жерине еле кирме-
диңиз. 10 Деген менен, тез арада
сизлер Иордан дәрьясынан өтип,
Қудайыңыз Жаратқан Ийе мүлик
етип, сизлерге беретуғын жерге
орналасып аласыз. Жаратқан Ийе
сизлерди дөгерегиңиздеги барлық
душпанларыңыздан қорғап, ты-
нышлыққа бөлейди. Кейин сиз-
лер қәўип-қәтерсиз өмир сүресиз.
11 Қудайыңыз Жаратқан Ийе Өз
атын орналастырыў ушын, бир
жерди таңлайды. Сонда мен сиз-
лерге буйырған барлық жанды-
рылатуғын қурбанлықларыңызды,
басқа қурбанлықларыңызды, он-
нан бирлериңизди, бағышлаған
затларыңызды ҳәм Жаратқан Ийе-
ге ўәде етип атаған ең жақсы са-
дақаларыңызды сол жерге алып
барыңлар. 12 Сол жерде уллары-
ңыз, қызларыңыз, қулларыңыз ҳәм
шорыларыңыз, және де, қалала-
рыңызда жасайтуғын лебийли-
лер менен Қудайыңыз Жаратқан
Ийениң алдында шадланыңлар.
Өйткени сизлер сыяқлы, лебий-
лилердиң өзлерине тийисли жер
үлеси жоқ. 13 Жандырылатуғын
қурбанлықларыңызды дус келген
жерде усыныўдан аўлақ болың-
лар. 14 Буларды тек Жаратқан Ийе
урыўларыңыз арасынан таңлаған
орында ғана усыныңлар. Мен сиз-
лерге буйырғанлардың ҳәммесин
сол жерде орынлаңлар.
15 Қудайыңыз Жаратқан Ийениң
сизлерге берген берекетине жараса,
жасап атырған ҳәр бир қалаңызда
қәлегениңизше мал сойып, гөшин
жеўиңизге болады. Адам ҳарам
болсын, пәк болсын, жейран яма-
са суўын гөшинен жегендей, бул

гөштен жеўине болады. 16 Бирақ
сизлер малдың гөшин қаны ме-
нен бирге жемеңлер, оның қанын
суўдай етип, жерге ағызып жибе-
риңлер. 17 Және де, дәнлериңиздиң,
таза шарабыңыздың, зәйтүн майы-
ңыздың оннан бирлерин, ири ҳәм
майда малларыңыздың биринши
төллерин, ўәде етип атаған ҳәм ық-
тыярлы садақаларыңызды ҳәм ба-
ғышлаған садақаларыңызды жасап
атырған қалаларыңызда жемеңлер.
18 Ал сизлер буларды ул-қызлары-
ңыз, қулларыңыз, шорыларыңыз
ҳәм қалаларыңызда жасап атырған
лебийлилер менен бирге Қудайы-
ңыз Жаратқан Ийениң алдында,
Оның таңлаған жеринде жеңлер.
Қудайыңыз Жаратқан Ийе сизлер-
диң барлық ислериңизге берекет
бергенине шадланыўыңыз керек.
19 Елиңизде жасаған ўақтыңызда,
лебийлилерди умытып кетиўден
аўлақ болыңлар.

20 Қудайыңыз Жаратқан Ийе сиз-
лерге берген ўәдеси бойынша шега-
раңызды кеңейткенде, гөш жеўди
қәлесеңиз, қәлеген ўақтыңызда гөш
жеўиңизге болады. 21 Қудайыңыз
Жаратқан Ийе Өз атын орнатыў
ушын таңлаған жер сизлер турған
жерден узақ болса, мен буйырған-
дай, Жаратқан Ийе сизлерге бер-
ген ири ҳәм майда малларыңыздан
сойып, өз қалаларыңызда қәлеге-
ниңизше гөш жеўиңизге болады.
22 Ҳарам адам болса да, пәк адам
болса да, жейран ямаса суўын гө-
шиндей, сол гөштен жеўине болады.
23-24 Бирақ оның гөшин қаны ме-
нен бирге жемеңлер. Себеби денеге
жан беретуғын қандур. Гөш пенен
бирге жан жемеңлер, қанды суўдай
етип, жерге ағызып жибериңлер.
25 Усылай ислесеңиз өзлериңиз
де, әўладларыңыз да абадан тур-
мыс кеширесиз. Солай етип, сиз-
лер Жаратқан Ийениң нәзеринде
дурыс болған исти қылған боласыз.

26 Ал мухаддес қурбанлықла-
рыңызды ҳәм усыған киретуғын
ўәде етип атаған қурбанлықлары-
ңызды болса, Жаратқан Ийениң
таңлайтуғын жерине алып бары-
ўыңыз тийис. 27 Жандырылатуғын
қурбанлықларыңызды, олардың
гөшин ҳәм қанын Қудайыңыз
Жаратқан Ийениң қурбанлық ор-
нында усыныңлар. Басқа қурбан-
лықларыңыздың қаны Қудайыңыз
Жаратқан Ийениң қурбанлық ор-
нының қасына төгилсин, ал олар-
дың гөшинен жеўиңизге болады.
28 Мен сизлерге берип атырған бул
буйрықлардың биреўин де қалдыр-
май орынлаңлар. Сонда өзлериңиз
де, әўладларыңыз да ҳәмме ўақытта
абадан турмыс кеширесиз. Өйтке-
ни Қудайыңыз Жаратқан Ийениң
нәзеринде жақсы ҳәм дурыс болған
исти ислеген боласыз».

## Басқа диний дәстүрлерден абайлы болыңлар

29 «Қудайыңыз Жаратқан Ийе
сизлер жерлерин ийелейин деп
атырған халықларды сизлердиң ал-
дыңыздан қуўып, қырып таслайды.
Кейин сизлер олардың жерлерин
ийелеп, сол жерлерде жайласып
аласыз. 30 Сол халықларды жоқ
қылғаныңыздан кейин, олардың
диний дәстүрлерин ислеп, дуза-
ғына түсиўден абайлы болыңлар.
Сизлер: „Бул халықлар қудайла-
рына қалай табынған екен? Бизлер

де сондай қылайық“, – деп олар-
дың қудайлары ҳаққында сорас-
тырмаңлар. 31 Сизлер Қудайыңыз
Жаратқан Ийеге олардың табын-
ғанындай етип, сыйынбаңлар.
Себеби олар Жаратқан Ийе жек
көретуғын ҳәр түрли жеркениш-
ли ислерди ислейди. Ҳәттеки, ол
халықлар қудайларына арнап, ул-
қызларын отта жандырады.
32 Мен сизлерге буйырғанларым-
ның ҳәммесин муқыятлы түрде
орынлаңлар. Бул буйрықларға ҳеш
нәрсе қоспаң да, алып тасламаң да».

### Жалған қудайларға табынбаңлар

**13** 1 «Егер сизлердиң араңыз-
дан бир пайғамбар ямаса
түсинде аян көретуғын биреў пай-
да болып, ол: „Бир нышан ямаса
кәрамат көрсетемен“, – деп айтса,
2 усы айтқан нышан ҳәм кәрамат-
ларды ислеп, кейин ол адам: „Ке-
лиңлер, сизлер танымаған басқа
қудайлардың изине ерип, оларға
хызмет қылайық“, – десе, 3 сизлер
сол пайғамбардың ямаса түсинде
аян көриўшиниң сөзлерине қулақ
салмаңлар. Қудайыңыз Жаратқан
Ийе Өзин шын жүрегиңиз ҳәм
жан-тәниңиз бенен сизлердиң сү-
йетуғыныңыз ямаса сүймейту-
ғыныңызды билиў ушын, сынап
атырған болады. 4 Сизлер тек ға-
на Қудайыңыз Жаратқан Ийениң
изинен жүрип, Оннан қорқың-
лар. Онның буйрықларына бойсы-
нып, сөзлерине қулақ салыңлар.
Жаратқан Ийеге хызмет етип,
Оған садық қалыңлар. 5 Ал сол
пайғамбар ямаса түсинде аян кө-
ретуғын адам өлтирилиўи тийис.
Себеби ол үгитлеп, Мысыр ели-
нен алып шыққан, Мысырдағы
қуллықтан азат еткен Қудайыңыз
Жаратқан Ийеге сизлерди қар-
сы қоймақшы болды. Қудайыңыз
Жаратқан Ийениң буйырған жо-
лынан шығарып, азғырмақшы
болды. Солай етип, араңыздағы
жаўызлықты жоқ қылыңлар.
6 Ҳәттеки, бир анадан туўыл-
ған туўысқаныңыз ямаса ул-қы-
зыңыз, сүйген ҳаялыңыз ямаса ең
жақын достыңыз сизлерди өзиңиз
де, ата-бабаларыңыз да таныма-
ған басқа қудайларға табыныў-
ға қупыя түрде үгитлеўи мүмкин.
7 Олардың бири сизлерди әтирапы-
ңыздағы алыс-жақын жерде жасап
атырған, дүньяның бир шетинен
екинши шетине дейин жасайтуғын
халықлардың қудайларына сыйы-
ныўды үгитлеўи мүмкин. 8 Бирақ
сизлер буған ыразы болып, оған
қулақ салмаңлар. Ондай адамға
реҳимлилик көрсетпеңлер, оны
қорғамаңлар. 9 Ондай адамды сөз-
сиз өлтирип таслаңлар. Оны өл-
тириў ушын биринши болып сен
қолыңды көтер, кейин пүткил ха-
лық қол көтерсин. 10 Оны тас бо-
ран қылып өлтириңлер. Себеби
ол сизлерди Мысыр елиндеги қул-
лықтан алып шыққан Қудайыңыз
Жаратқан Ийеден жүз бурдырып,
азғырыўға ҳәрекет етти. 11 Сонда
пүткил Израил халқы бул ҳаққын-
да еситип, қорқады. Буннан кейин,
араңызда ҳеш ким усыған уқсаған
жаўыз ис қылмайтуғын болады.
12 Егер де Қудайыңыз Жаратқан
Ийениң сизлерге жасаўыңыз ушын
берип атырған қалалардың би-
ринде, 13 жаман адамлар шығып:

„Жүриңлер, өзлериңиз танымайту-
ғын басқа қудайларға табынайық“, –
деп қала турғынларын азғырғанын
еситсеңиз, 14 онда олар ҳаққында
сорастырып, жақсылап тексериң.
Егер сол жеркенишли ўақыя шы-
нында да жүз берген болса, есит-
кенлериңиз дәлиллленсе, 15 сол
қаланың пүткил турғынларынан
баслап, ҳайўанларына дейин қы-
лыштан өткизиңлер. Сол қаланы
ҳәм ондағы барлық затларды пүт-
киллей жоқ қылыңлар. 16 Қаладан
алынған олжалардың барлығын қа-
ла майданына жыйнаңлар. Қаланы
ҳәм сол жердеги барлық олжаны
Қудайыңыз Жаратқан Ийеге толы-
ғы менен жандырылатуғын қурбан-
лық етип жағып жибериңлер. Сол
қала мәңгиге қарабақанаға айлан-
ған ҳалында қалсын, ол ҳеш қашан
қайта тикленбесин. 17 Жоқ қылы-
натуғын затлардан ҳеш биреўин
де өзлериңизге алмаңлар. Сонда
Жаратқан Ийениң лаўлаған ғәзе-
би қайтып, Ол ата-бабаларыңызға
ант ишкениндей, сизлерге мийрим-
шәпәәт, реҳим көрсетип, сизлерди
көбейтеди. 18 Соның ушын, сизлер
Қудайыңыз Жаратқан Ийеге қулақ
салыңлар, бүгин мен сизлерге жет-
керип атырған буйрықларға бойсы-
нып, Оның нәзеринде дурыс болған
ислерди ислеңлер».

### Аза тутыў ҳаққында

**14** 1 «Сизлер – Қудайыңыз
Жаратқан Ийениң балала-
рысыз. Марҳумға аза тутқаныңызда,
денелериңизди тилип, шашыңыз-
дың алдын қыйдырмаңлар. 2 Сизлер
Қудайыңыз Жаратқан Ийениң му-
қаддес халқысыз. Жаратқан Ийе
жер жүзиндеги барлық халықлар-
дың арасынан сизлерди Өз ғәзийне-
си сыпатында таңлап алды».

### Ҳадал ҳәм ҳарам ҳайўанлар

*(Леб 11:1-47)*

3 «Сизлер жеркенишли санала-
туғын ҳайўанлардың гөшин же-
меңлер. 4 Мына ҳайўанлардың
гөшин жеўиңизге болады: сыйыр,
қой, ешки, 5 суўын, жейран, қы-
зыл антилопа, таў ешкиси, жабайы
өгиз, ақ антилопа ҳәм таў қошқа-
ры. 6 Туяқлары терең етип екиге
айырылған аша туяқлы ҳәм гүйис
қайтаратуғын ҳайўанлардың ҳәм-
месин жеўиңизге болады. 7 Бирақ
бул ҳайўанлардан тек мыналар-
дың гөшин жеўиңизге болмайды:
түйе, қоян ҳәм даман[a]. Булар гүйис
қайтарады, бирақ аша туяғы жоқ.
Сонлықтан олар сизлер ушын ҳа-
рам болады. 8 Шошқа аша туяқлы
болғаны менен, ол гүйис қайтар-
майды. Сонлықтан ол сизлер ушын
ҳарам болады. Усы ҳайўанлардың
гөшин жемеңлер ҳәм олардың өли-
гине де қол тийгизбеңлер.

9 Суўда жасайтуғын қалашлы ҳәм
қабыршақлы жаныўардың гөшин
жеўиңизге болады. 10 Бирақ қалаш-
сыз ҳәм қабыршақсыз ҳайўанлар-
дың ҳеш бирин жемеңлер. Булар
сизлер ушын ҳарам саналады.

11 Ҳадал саналатуғын барлық қус-
ларды жеўиңизге болады. 12 Гө-
шин жеўге болмайтуғын қуслар
мыналар: бүркит, күшеген, қара
қус, 13 шайқус, лашын ҳәм оның

---

a **14:7** *Даман* – сурокқа уқсайтуғын ҳайўан.

түрлери, 14 ғарғаның барлық түр-
лери, 15 үки, батпақ байыўлысы,
шағала ҳәм қаршығаның түрлери,
16 үй байыўлысы, қулақлы жапа-
лақ, ақ қуў, 17 узақша, сипа, қарабай,
18 ләйлек ҳәм қутанның түрлери,
өпепек ҳәм жарғанат.

19 Қанатлы шыбын-ширкей-
лер сизлер ушын ҳарам санала-
ды. Олардың ҳеш бирин жемеңлер.
20 Бирақ қанатлы шыбын-ширкей-
лердиң базылары ҳадал болып,
оларды жеўиңизге болады.

21 Ҳарам өлип қалған ҳайўан-
ның гөшин жемеңлер. Ондай өли
ҳайўанды жеўи ушын қалаңызда
жасап атырған келгинди биреўге
бериўиңизге ямаса басқа бир жат
жерли адамға сатыўыңызға бола-
ды. Сизлер Қудайыңыз Жаратқан
Ийениң мухаддес халқысыз.

Ылақты өз анасының сүтине пи-
сирмеңлер».

### Оннан бири ҳаққында нызам

22 «Ҳәр жылы атызларыңызда
жетистирилетуғын барлық өним-
лердиң оннан бирин айырып
қойыңлар. 23 Дәниңиздиң, таза ша-
рабыңыздың, зәйтүн майыңыздың
оннан бирин, ири ҳәм майда мал-
ларыңыздың биринши туўылған
төллерин Қудайыңыз Жаратқан
Ийениң Өз атын орналастырыў
ушын таңлайтуғын жеринде, Оның
алдында жеңлер. Солай ислеп, ҳәм-
ме ўақытта Оннан қорқыўды үй-
ренесиз. 24 Ал егер де, Қудайыңыз
Жаратқан Ийениң Өз атын орна-
тыў ушын таңлайтуғын жери узақ
болып, Қудайыңыз Жаратқан Ийе
берекетлеп берген өниминен он-
нан бирин сол жерге алып барыўға
мүмкиншилигиңиз болмаса, 25 он-
да сол затларды гүмиске алмас-
тырыңлар. Гүмисти Қудайыңыз
Жаратқан Ийениң таңлайтуғын
жерине алып барыңлар. 26 Сол гү-
миске қәлеген нәрсени: ири ямаса
майда мал, шарап, өткир ишимлик
ямаса кеўлиңиз күсеген басқа бир
нәрсе сатып алып, өз шаңарағыңыз
бенен бирге Қудайыңыз Жаратқан
Ийениң алдында ишип-жеп, шад-
ланыңлар.

27 Қалаларыңызда жасап атырған
лебийлилерди умытып қалдыр-
маңлар. Себеби олардың өзлери-
не тийисли үлес жери жоқ. 28 Ҳәр
үшинши жылдың ақырында, сол
жылы алған өнимиңиздиң барлық
оннан бир бөлегин алып, өз қала-
ңызға жыйнап, сақлап қойыңлар.
29 Солай етип, үлес жери болмаған
лебийлилер, және де, қалалары-
ңызда жасап атырған келгинди-
лер, жетим ҳәм жесирлер келип,
соннан ишип-жеп тойсын. Сонда
Қудайыңыз Жаратқан Ийе сиз-
лердиң қол урған ҳәр бир исиңиз-
ге берекет береди».

### Жетинши жыл

15 1 «Ҳәр жетинши жылдың
ақырында сизлерге қарыз-
дар болғанларды қарызларынан
кешип жибериңлер. 2 Қарызлар-
ды кешип жибериў ушын былай
ислеңлер: израиллы бир туўысқа-
нына қарыз берген ҳәр бир адам
қарызын кешип жиберсин ҳәм
оннан қайтып талап қылмасын.
Себеби Жаратқан Ийениң Өзи
қарызларды кешип жиберилиўди
жәриялады. 3 Жат жерли адамнан
қарызыңызды сорасаңыз болады.

Бирақ израиллы туўысқаныңа
берген қарызыңнан кешип жибе-
риўиң тийис.
4 Сизлердиң араңызда ҳеш қандай
жарлы адам болмасын. Қудайы-
ңыз Жаратқан Ийе мүлик етип
берип атырған елде сизлерге бе-
рекет береди. 5 Тек ғана Қудайыңыз
Жаратқан Ийениң сөзине қулақ са-
лып, бүгин мен сизлерге жеткерип
атырған усы буйрықларды мұқы-
ятлы түрде орынлаўыңыз керек.
6 Қудайыңыз Жаратқан Ийе Өзи
ўәде бергениндей сизлерге берекет
береди. Сонда сизлер көп халық-
ларға қарыз беретуғын боласыз, ал
өзлериңиз қарыз алмайсыз. Көп
халықлардың үстинен ҳүкимдар-
лық қыласыз, бирақ олар сизлерге
ҳүкимдарлық етпейди.
7 Қудайыңыз Жаратқан Ийе
сизлерге беретуғын елдеги қала-
лардың биринде израиллы туўыс-
қаныңыздың бири жарлы болса,
жүреклериңизди тас қылмай, жәр-
дем қолыңызды аямаңлар. 8 Кери-
синше, сизлер ашық қол болыңлар
ҳәм оған мүтәжлигине қарап, қарыз
бериңлер. 9 Сақ болыңлар, қарыз-
ларды кешип жиберетуғын жетин-
ши жыл жақынлап қалғаны ушын,
жарлы туўысқаныңызға жәрдем
бериўден бас тартпаңлар. Кеўли-
ңизде усындай жаман ойға жол
қоймаңлар. Егер де сондай туўыс-
қаныңызға жәрдем бериўден бас
тартсаңыз, онда ол Жаратқан Ийе-
ге налыйды ҳәм өзлериңизге гүна
арттырып аласыз. 10 Оған қыйнал-
мастан ашық кеўлиңиз бенен қа-
рыз бериңлер. Сонда Қудайыңыз
Жаратқан Ийе сизлердиң қол урған
ҳәр бир исиңизге берекет береди.
11 Елиңизде ҳәмме ўақытта жар-
лы адамлар болады. Соның ушын,
елиңиздеги жәрдемге мүтәж жарлы
туўысқанларыңызға ҳәмме ўақыт-
та жәрдем қолыңыз ашық болыўын
буйыраман».

## Қул ҳәм шорылар ҳаққында

12 «Егер еврей туўысқаныңыздан
бир еркек ямаса ҳаял сизге өзин
хызметке сатса, ол алты жыл саған
хызмет етсин, ал жетинши жылы
оны азат қылыўың тийис. 13 Оны
азат қылғаныңызда, қолын бос
жибермең. 14 Оған сүриўиңиздеги
малыңыздан, дәниңизден ҳәм ша-
рабыңыздан мол-мол етип бериң.
Қудайыңыз Жаратқан Ийениң сиз-
лерге берген берекетинен, оған да
бериң. 15 Мысырда қул болғаны-
ңызды ҳәм Қудайыңыз Жаратқан
Ийе сол жерден сизлерди азат етке-
нин есте тутыңлар. Соның ушын да,
бүгин мен сизлерге усы буйрықты
берип атырман.
16 Егер қулыңыз сизди ҳәм шаңа-
рағыңызды жақсы көрип, сизлер
менен бирге қалыўды қәлесе ҳәм
„Сизиң қасыңыздан кетиўди қә-
лемеймен“, деп айтса, 17 онда оны
есигиңиздиң қасына алып барың.
Кейин оның қулағын есикке қойып,
биз бенен тесиң. Сонда ол өмири
бойы қулыңыз болып қалады. Шо-
рыңызға да солай ислеўиңиз керек.
18 Қулыңызды азат қылғаныңызда
өкинбең. Себеби сизге хызмет ет-
кен сол алты жыл даўамында, ол
жалланба хызметшиден гөре еки
есе көп жумыс иследи. Оны азат
қылсаңыз, Қудайыңыз Жаратқан
Ийе сизлердиң қол урған ҳәр бир
исиңизге берекет береди».

### Ири ҳәм майда маллардың биринши туўылған төллери ҳаққында

19 «Ири ҳәм майда малларыңыз-
дың биринши туўылған ҳәр бир
еркек төлин Қудайыңыз Жаратқан
Ийеге бағышлаңлар. Малыңыздың
биринши туўылған буғасын жу-
мысқа қоспаң, биринши туўылған
майда малыңыздың жүнин қыр-
қып алмаң. 20 Булардың гөшин ша-
ңарағыңыз бенен бирге ҳәр жылы
Қудайыңыз Жаратқан Ийениң ал-
дында, Оның таңлап алатуғын же-
ринде жеңлер. 21 Егер де сол мал
ақсақ ямаса соқыр болса ямаса
оның басқа бир кемшилиги болса,
оны Қудайыңыз Жаратқан Ийе-
ге қурбанлыққа бермең. 22 Бундай
малларды өз қалаңызда жесеңиз
болады. Пәк адам болса да, напәк
адам болса да, жейран ямаса суўын-
ның гөшиндей етип сондай малдың
гөшинен жеўине болады. 23 Бирақ
оның гөшин қаны менен бирге же-
меңлер. Оның қанын суў сыяқлы
топыраққа ағызып жибериңлер».

### Қутқарылыў байрамы ҳәм Ашытқысыз нан байрамы

16 1 «Абиб айында Қудайыңыз
Жаратқан Ийеге арнал-
ған Қутқарылыў байрамын бай-
рамлаңлар. Өйткени Қудайыңыз
Жаратқан Ийе абиб айында, түнде
сизлерди Мысырдан алып шықты.
2 Қудайыңыз Жаратқан Ийениң
Өз атын орналастырыў ушын таң-
лайтуғын жеринде майда ҳәм ири
малларыңыздан Қутқарылыў қур-
банлықларын шалыңлар. 3 Қур-
банлықтың гөши менен бирге
ашытқы салынған нан жемеңлер.
Жети күн даўамында ашытқысыз
нан, яғный қыйын күнлерде жей-
туғын нан жеўиңиз керек. Себеби
сизлер Мысырдан асығып шығып
кеткениңизде, ашытқысыз нан
жеген едиңлер. Усы нанды жеп,
өмириңиз даўамында Мысырдан
шыққан күниңизди еслеп жүре-
сизлер. 4 Жети күн даўамында ели-
ңиздиң ҳеш бир жеринде ашытқы
болмасын. Байрамның биринши
күни кеште қурбанлық қылған
малларыңыздың гөшинен азанға
дейин қалдырылмасын.
5 Қутқарылыў қурбанлықларын
Қудайыңыз Жаратқан Ийе сиз-
лерге беретуғын қалалардың ҳәм-
месинде шалмаңлар. 6 Ал оны тек
ғана Қудайыңыз Жаратқан Ийе Өз
атын орналастырыў ушын таңлай-
туғын жеринде шалыңлар. Буны
күн бататуғын ўақытта, Мысыр-
дан шыққан мезгилде сойың-
лар. 7 Оның гөшин Қудайыңыз
Жаратқан Ийениң таңлайтуғын
жеринде писирип жеңлер ҳәм таң
атқанда өз шатырларыңызға қай-
тыңлар. 8 Алты күн ашытқысыз нан
жеңлер. Жетинши күни Қудайыңыз
Жаратқан Ийеге арнап, салтанат-
лы жыйналыс қылыңлар. Сол кү-
ни ҳеш қандай жумыс ислемеңлер».

### Ҳәптелер байрамы

9 «Егинди орып баслаған ўа-
қыттан баслап, жети ҳәпте са-
наңлар. 10 Кейин Қудайыңыз
Жаратқан Ийеге арналған Ҳәпте-
лер байрамын байрамлаңлар ҳәм
сол ўақытта Оның сизлерге бер-
ген берекетине жараса, ықтыяр-
лы садақаларыңызды бериңлер.

11 Сизлер ул-қызларыңыз, қул ҳәм
шорыларыңыз, қалаларыңызда жа-
сайтуғын лебийлилер, араңызда
жасайтуғын келгиндилер ҳәм же-
тим-жесирлер менен бирге Өз атын
орналастырыў ушын таңлайтуғын
жеринде, Қудайыңыз Жаратқан
Ийениң алдында шадланыңлар.
12 Мысырда қул болғаныңызды
умытпаңлар ҳәм усы қағыйдалар-
дың биреўин де қалдырмай орын-
лаңлар».

## Қос байрамы

13 «Қырманыңыздан дәниңизди
жыйнап, жүзимиңизди сығып ша-
рабын алғаннан кейин, жети күн
даўамында Қос байрамын байрам-
лаңлар. 14 Сизлер ул-қызларыңыз,
қул ҳәм шорыларыңыз, қалала-
рыңызда жасайтуғын лебийлилер,
келгиндилер ҳәм жетим-жесирлер
менен бирге усы байрамда шадла-
ныңлар. 15 Қудайыңыз Жаратқан
Ийениң таңлайтуғын жеринде
жети күн даўамында Оған арнап
байрам өткериңлер. Қудайыңыз
Жаратқан Ийе зүрәәтиңиздиң бар-
лығын ҳәм қол урған ҳәр бир иси-
ңизди берекетлейди. Сонлықтан,
үлкен қуўанышқа бөлениңлер.
16 Солай етип, барлық еркекле-
риңиз жылына үш мәрте: Ашыт-
қысыз нан байрамында, Ҳәптелер
байрамында ҳәм Қос байрамында
Қудайыңыз Жаратқан Ийениң ал-
дында болыўы ушын, Оның таң-
лайтуғын жерине келсин. Ҳеш
ким Жаратқан Ийениң алдына
қуры қол келмесин. 17 Ҳәр бири-
ңиз Қудайыңыз Жаратқан Ийениң
өзлериңизди берекетлегенине жа-
раса сыйлар алып келиңлер».

## Әдил ҳүким ҳаққында

18 «Қудайыңыз Жаратқан Ийе
сизлерге беретуғын қалаларда
ҳәр бир урыў ушын қазылар ҳәм
қадағалаўшыларды тайынлаң-
лар. Олар халықты әдиллик пе-
нен ҳүким етсин. 19 Олар ҳүким
еткенде, әдилликти бурмалама-
сын, еки жүзлилик қылмасын ҳәм
пара алмасын. Себеби пара дана
адамның көзин соқыр қылып қоя-
ды ҳәм ҳақты наҳаққа шығара-
ды. 20 Өмир сүриўиңиз ушын ҳәм
Қудайыңыз Жаратқан Ийе сиз-
лерге берип атырған елди мүлик
етип алыўыңыз ушын әдилликке,
тек ғана әдилликке умтылыңлар.
21 Қудайыңыз Жаратқан Ийе
ушын құратуғын құрбанлық орын-
ның қасына кийели ағаш орнатпаң-
лар! 22 Кийели тас та орнатпаңлар!
Өйткени Қудайыңыз Жаратқан
Ийе булардан жеркенеди».

# 17

1 «Ҳәр қандай кемшилиги
бар ири мал ямаса майда
малды Қудайыңыз Жаратқан Ийе-
ге арнап қурбанлық қылмаңлар.
Қудайыңыз Жаратқан Ийе буннан
жеркенеди.
2 Қудайыңыз Жаратқан Ийениң
сизлерге берип атырған қалала-
рының биринде Оның нәзеринде
жаўыз болған исти қылып, кели-
симине қыянет ететуғын бир еркек
ямаса ҳаял шықса 3 ҳәм буйрық-
ларыма қарамастан, басқа қудай-
ларға хызмет етсе, сол қудайларға,
қуяшқа ҳәм айға ямаса басқа да ас-
пан денелерине табынса, 4 кейин
бул ҳаққында сизлерге хабар жет-
се, еситкенлериңизди жақсылап

тексериңлер. Егер де Израил халқының арасында шынында да сондай жеркенишли ис исленгени дәлилленсе, [5] онда сол еркекти ямаса ҳаялды қала дәрўазасының сыртына алып шығып, тас боран қылып өлтириңлер. [6] Деген менен, өлимге ҳүким етилген адам еки ямаса үш адамның гүўалығы менен өлтирилиўи тийис, бирақ бир адамның гүўалығына тийкарланып өлтирилмесин. [7] Сол гүна ислеген адамға биринши болып гүўалар тас ылақтырсын, соннан кейин пүткил халық тас боран қылсын. Солай етип, араңыздағы жаўызлықты жоқ қылыңлар.

[8] Егер қалаңызда абайсыздан ямаса қастан адам өлтириўшилик, ҳуқық таласыў ҳәм бир-биреўге зорлық қылыў туўрысындағы даўларды шешиўиңиз қыйын болса, Қудайыңыз Жаратқан Ийениң таңлайтуғын жерине барыңлар. [9] Сол жерде сизлер лебийли руўханийлер ҳәм сол ўақытта хызмет етип атырған қазылар менен мәсләҳәтлесиңлер. Олар ҳүким шығарып, өз қарарын сизлерге мәлим қылады. [10] Жаратқан Ийениң таңлаған жеринен олардың сизлерге айтатуғын қарарын муқыятлы түрде орынлаңлар. [11] Олар түсиндирип берген нызамды ҳәм шығарған ҳүкимди толығы менен орынлаўыңыз тийис. Олар жәриялаған қарардан оңға да, солға да шығып кетпеңлер. [12] Ким де ким өзбасымшылық қылып, Қудайыңыз Жаратқан Ийениң алдында хызмет етип атырған руўханийге ҳәм қазыға қулақ салмаса, ол адам өлтирилсин. Усылай етип, Израилдан жаўызлықты жоқ қылыңлар. [13] Пүткил халық бул ўақыяны еситип қорқады ҳәм және өзбасымшылық қылмайтуғын болады».

## Патша ҳаққында қағыйдалар

[14] «Қудайыңыз Жаратқан Ийе сизлерге беретуғын елге барып, ол жерди мүлик етип, жайласып алғаннан кейин: „Әтирапымыздағы халықлар сыяқлы бизлер де өзлеримизге патша сайлайық“, – деп айтасыз. [15] Сонда сизлер сайлайтуғын патша Қудайыңыз Жаратқан Ийе тәрепинен таңланатуғын адам болыўы тийис. Сайлайтуғын патшаңыз Израил халқынан болсын. Өз халқыңыздан болмаған жат жерли адамды патша қылып қоймаңлар. [16] Патшаның көп аты болмасын, және де ат сатып алыў ушын адамларды Мысырға жибермесин. Өйткени Жаратқан Ийе сизлерге: „Ол жерге қайтып бармаңлар“, – деген еди. [17] Сайлайтуғын патшаңыз көп ҳаял алмасын, болмаса, ол Жаратқан Ийеден жүз бурып кетеди. Және де, ол өзи ушын көп муғдарда гүмис ҳәм алтын жыйнамасын.

[18] Ол патшалық тахтқа отырғанда, лебийли руўханийлер сақлап қойған усы Нызамнан бир көширмени өзи ушын жаздырып алсын. [19] Сол Нызамның көширмеси ҳәмме ўақытта патшаның қасында болсын. Патша оны ҳәр күни өмири даўамында оқысын. Солай етип, ол Қудайы Жаратқан Ийеден қорқып, усы Нызамның барлық сөзлерине ҳәм қағыйдаларына әмел қылыўды үйренсин. [20] Ол өзин туўысқанларынан жоқары санамасын ҳәм

Жаратқан Ийениң буйрықлары-
нан оңға да, солға да бурылмасын.
Сонда өзи де, урпағы да Израилдың
үстинен узақ жыллар даўамында
патшалық етеди».

## Руўханийлердиң үлеси

18 [1] «Лебийли руўханийлер
пүткил Лебий урыўы менен
бирге басқа израиллылар сыяқлы
үлес те, мүлик те алмайды. Оларға
тийисетуғын үлес Жаратқан Ийеге
берилетуғын сыйлар болып, олар
солардан жейди. [2] Туўысқанлары
арасында олардың мүлки болмайды.
Жаратқан Ийениң лебийлилерге ўә-
де бергениндей, Оның Өзи олардың
ырысқы-несийбесин береди.

[3] Мал ямаса қой қурбанлық
етилгенде, руўханийлерге тийис-
ли пай мыналардан ибарат: мал-
дың алдынғы сан жилиги, жағы
ҳәм асқазаны. [4] Дәниңиздиң, таза
шарабыңыздың, зәйтүн майыңыз-
дың биринши өнимин ҳәм қойла-
рыңыздың биринши қырқылған
жүнлерин руўханийге бериң. [5] Өйт-
кени Қудайыңыз Жаратқан Ийе
Лебий урыўы Өзиниң алдында ту-
рып, Жаратқан Ийениң аты менен
мәңги хызмет етиўи ушын, оларды
пүткил урыўларыңыздың ишинен
таңлап алды.

[6] Егер бир лебийли Израилда-
ғы өзи жасап атырған қаладан
Жаратқан Ийениң таңлайтуғын
жерине өз қәлеўи менен барса, [7] сол
жерде Жаратқан Ийениң алдында
хызмет етип атырған лебийли ту-
ўысқанлары сыяқлы ол да Қудайы
Жаратқан Ийениң аты менен хыз-
мет етиўине болады. [8] Ол ата-ба-
баларының мийрасынан қалған
затты сатып, өз пайдасына алған
болса да, басқа лебийлилер менен
бирдей өзине тийисли үлесин алы-
ўы керек».

## Басқа халықлардың жеркенишли үрп-әдетлеринен сақланыў

[9] «Қудайыңыз Жаратқан Ийе-
ниң сизлерге берип атырған же-
рине киргениңизде, ол жердеги
халықлардың жеркенишли исле-
рин үйренбеңлер. [10] Сизлердиң ара-
ңызда өз улын ямаса қызын отта
қурбанлық қылатуғын, пал ашату-
ғын, адамның келешегин болжай-
туғын, белгилерди жорыйтуғын,
сыйқыршылық қылатуғын, [11] зи-
кир салатуғын, әрўақларды ҳәм
руўхларды шақыратуғын ямаса
өлилер менен тиллесип, мәсләҳәт
алатуғын бирде бир адам болма-
сын. [12] Себеби Жаратқан Ийе сон-
дай ислейтуғынлардан жеркенеди.
Қудайыңыз Жаратқан Ийе усын-
дай жеркенишли ислери себепли
сол халықларды сизлердиң ал-
дыңыздан қуўып шығарып атыр.
[13] Қудайыңыз Жаратқан Ийениң
алдында минсиз болыңлар».

## Пайғамбар жибериў ҳаққында

[14] «Сизлер елин алып атырған
сол халықлар болжаўшылар ме-
нен палкерлердиң үгит-нәсиятына
қулақ салады. Бирақ Қудайыңыз
Жаратқан Ийе сизлердиң бу-
лай ислеўиңизге рухсат бермей-
ди. [15] Қудайыңыз Жаратқан Ийе
сизлер ушын араңыздан, өз ту-
ўысқанларыңыздан мен сыяқлы
бир пайғамбар шығарады. Оған
қулақ салыңлар. [16] Сизлер Хореб

таўында жыйналған күни Қудайы-
ңыз Жаратқан Ийеден өзлери-
ңиз мынадай деп тилеген едиңиз:
„Қудайымыз Жаратқан Ийениң да-
ўысын екинши мәрте еситпейик,
сол уллы отты да басқа көрмейик,
болмаса өлип қаламыз“. 17 Сонда
Жаратқан Ийе маған былай де-
ди: „Олардың айтқанлары дурыс.
18 Олар ушын өзлериниң арасынан
сен сыяқлы бир пайғамбар шыға-
раман. Мен оның аўзына Өз сөз-
леримди саламан ҳәм ол Мен айт
деп буйырғанларымның ҳәмме-
син оларға жеткереди. 19 Ол Ме-
ниң атымнан сөйлейди, оған қулақ
салмаған адамды Мен Өзим жуўап-
кершиликке тартаман. 20 Бирақ бир
пайғамбар Мен буйырмаған сөзди
Мениң атымнан сөйлеўге жүрек-
синсе ямаса басқа қудайлардың
атынан сөйлесе, ол өлиўи тийис“.

21 Сизлер: „Жаратқан Ийениң
айтқанын ямаса айтпағанын қа-
яқтан билемиз?“ – деп ойлаўыңыз
мүмкин. 22 Егер де бир пайғамбар
Жаратқан Ийениң атынан сөйлесе,
бирақ айтқан сөзлери орынланбаса
ямаса әмелге аспаса, онда сол сөз-
ди Жаратқан Ийе айтпаған бола-
ды. Пайғамбар өз атынан сөйлеген,
оннан қорқпаңлар».

### Паналайтуғын қалалар

*(Сан 35:9-34; Ешу 20:1-9)*

**19** 1 «Қудайыңыз Жаратқан
Ийе жерлерин сизлерге
берип атырған халықларды жоқ
қылғанда, сизлер сол жерлер-
ди мүлик етип алып, қалаларына
ҳәм үйлерине жайласып аласыз.
2-3 Сонда елди үш бөлимге бөлиң-
лер. Ҳәр бир бөлимнен бир пана
қаладан ажыратыңлар. Сол қала-
ларға баратуғын жоллар салыңлар,
солай етип, адам өлтирип қойған
адам сол қалалардың бирине қа-
шып, паналасын.

4 Сондай жағдай басына түскен
адамға байланыслы қағыйда мы-
надай: егер бир адам алдыннан
жаўызлық қылыў нийети болмай,
абайсызда биреўди өлтирип қойса,
онда ол сол жерге қашып қутылы-
ўы мүмкин. 5 Мысалы: бир адам
биреў менен бирге ағаш таярлаўға
тоғайға барып, ағаш шабыў ушын
балтасын көтергенде, балтаның
темири сабынан шығып кетсе ҳәм
қасындағы адамға тийип кетип,
оны өлтирип алса, онда усындай
абайсызда адам өлтирип қойған
адам сол пана қалалардың бирине
қашып, жанын қутқарып қалсын.
6 Болмаса, өлген адамның өшин
алыўшы әмеңгер ашыўланып, қан-
хордың изинен қуўыўы мүмкин
ҳәм пана қалаға баратуғын жол
узақ болғаны ушын, оған жетип
алып, оны өлтириўи мүмкин. Деген
менен, өлтирген адам өлимге ыла-
йықлы емес, себеби өлген адамға
оның алдын ала қаслығы болма-
ған. 7 Сизлерге үш қаланы өзлери-
ңиз ушын айырып қойыңлар, деп
буйырғанымның себеби усы еди.

8-9 Қудайыңыз Жаратқан Ийени
сүйип, ҳәмме ўақытта Оның жол-
ларынан жүриң, деп сизлерге буй-
рық бердим. Егер де, сизлер усы
буйрықлардың биреўин де қал-
дырмай орынласаңыз, Қудайыңыз
Жаратқан Ийе ата-бабаларыңызға
ишкен анты бойынша жер шега-
раларыңызды кеңейтеди ҳәм ўә-
де қылған пүткил елди сизлерге

береди. Сонда сизлер айырып
қойған үш қалаңызға және үш па-
на қала қосыңлар. 10 Солай етип,
Қудайыңыз Жаратқан Ийе сиз-
лерге мүлик етип беретуғын елде
айыпсыз адамның қаны төгилме-
син. Айыпсыз адамның төгилген
қаны ушын айыплы болып қал-
маңлар.

11 Бирақ бир адам биреўге қаслық
етип, буққыда жатса ҳәм ҳүжим
етип, оны өлтирсе, кейин ол сол
қалалардың биреўине қашып бар-
са, 12 онда сол жынаятшы жасаған
қаладағы ақсақаллар оның изинен
адам жиберип, оны қайтарып алып
келсин. Жынаятшы өлген адам
ушын өшин алыўшының қолына
тапсырылсын. Солай етип, ол өл-
тирилиўи керек. 13 Ондай адамды
аяп отырмаңлар. Айыпсыз қанды
төгиў гүнасынан Израилды таза-
лаңлар. Сонда абадан турмыс ке-
ширесиз.

14 Қудайыңыз Жаратқан Ийе сиз-
лерге мүлик етип берип атырған
елде қоңсыңыздың бурыннан бел-
гиленген жер шегарасын жылжы-
тыўшы болмаңлар».

### Гүўалар ҳаққында

15 «Биреўди қандай да жынаят
ямаса гүна ислеген, деп айыплаў
ушын бир гүўа жетерли емес. Бул
еки ямаса үш адамның гүўалығы
менен тастыйықланыўы керек.

16 Егер де бир адам жалған гү-
ўалық берип, биреўди жаўыз ни-
йетте айыпласа, 17 онда екеўи де
Жаратқан Ийениң алдына, сол ўа-
қытта хызмет етип атырған руўха-
нийлердиң ҳәм қазылардың алдына
келсин. 18 Қазылар сол мәселени
жақсылап тексерип шықсын. Егер
сол гүўаның туўысқанына қарсы
жалған гүўалық берип атырғаны
анықланса, 19 туўысқанына қар-
сы ойлаған жаўыз нийетин өзине
қайтарыңлар. Солай етип, араңыз-
дағы жаўызлықты жоқ қылыңлар.
20 Басқалар усы болған ўақыяны
еситип, қорқады ҳәм усындай жа-
ўызлықты ҳеш ким ислемейтуғын
болады. 21 Жалған гүўалық берген
адамды аяп отырмаңлар: жанға
жан, көзге көз, тиске тис, қолға қол
ҳәм аяққа аяқ».

### Саўаш ҳаққында

20 1 «Сизлер душпанларыңыз-
ға қарсы саўашқа шығыў
ушын барғаныңызда, олардың атла-
ры, саўаш арбалары ҳәм сизлерден
гөре көп әскерлери бар екенин көр-
сеңиз, олардан қорқпаңлар. Өйткени
сизлерди Мысырдан алып шыққан
Қудайыңыз Жаратқан Ийе сизлерге
яр болады. 2 Саўаш басламасыңыз-
дан алдын руўханий келип, әскер-
лердиң алдына шығып, сөз сөйлеп,
3 оларға былай деп айтсын: „Ҳәй,
израиллылар, қулақ салыңлар! Бү-
гин сизлер душпанларыңызға қарсы
саўашқа баратырсыз. Руўхыңыз түс-
песин, қорқпаңлар. Қәўетерге түсип,
олардан сескенбеңлер. 4 Қудайыңыз
Жаратқан Ийениң Өзи сизлер ме-
нен бирге урысқа барады! Ол сиз-
лер ушын душпанларыңызға қарсы
урысып, сизлерге жеңис береди!“

5 Қадағалаўшылар әскерлерге бы-
лай деп айтсын: „Араңызда таза үй
қурған ҳәм оған көшип барып, қол-
ланыўға үлгермеген адам бар ма?
Егер бар болса, үйине қайтсын. Ол
урыста қайтыс болса, оның үйине

басқа биреў көшип барып, жасайды.
6 Жүзимзар егип, оның мийўеси-
нен татпаған адам бар ма? Егер бар
болса, үйине қайтсын. Ол урыста
қайтыс болса, оның жүзимин басқа
биреў терип алады. 7 Бир қыз бе-
нен атастырылып болып, үйлен-
беген адам бар ма? Егер бар болса,
үйине қайтсын. Ол урыста қайтыс
болса, сол қызға басқа биреў үйле-
нип кетеди“.

8 Қадағалаўшылар және былай
деп айтсын: „Араңызда қорқып,
руўхы түскен адам бар ма? Бар бол-
са, үйине қайтсын. Болмаса, туўыс-
қанлары да оған уқсап қорқысып
қалады“. 9 Қадағалаўшылар әскер-
лерге усы сөзлерди айтып болған-
нан соң, әскербасылар әскерлердиң
үстинен басшылық етсин.

10 Бир қалаға қарсы ҳүжим етиў
ушын, оған жақынласқаныңызда,
қала халқына тынышлық жолы
менен тәслим болыўын усының-
лар. 11 Егер де олар усы тынышлық
усынысыңызды қабыллап, дәр-
ўазаларын сизлерге ашып берсе,
онда қалада жасайтуғынлардың
ҳәммеси ерксиз хызметшиге айла-
нып, сизлер ушын жумыс ислейди.
12 Бирақ тынышлық усынысыңыз-
ды қала халқы қабылламай, сизлер
менен урысыўды қәлесе, онда қала-
ны қоршап алыңлар. 13 Қудайыңыз
Жаратқан Ийе қаланы сизлерге
тәслим қылғанда, ол жерде жа-
сап атырған барлық еркеклер-
ди қылыш жүзинен өткизиңлер.
14 Ҳаялларды, балаларды, ҳайўан-
ларды ҳәм қаладағы ҳәр бир нәрсе-
ни өзлериңизге олжа етип алыңлар.
Қудайыңыз Жаратқан Ийениң
сизлерге берген душпаныңыздың
мал-мүликлерин қолланыўыңыз-
ға болады. 15 Сизлер ийелеп алату-
ғын елиңизден узақта жайласқан
қалаларға усылай ислеңлер.

16 Бирақ Қудайыңыз Жаратқан
Ийе сизлерге мүлик етип берип
атырған жердеги қалаларда ҳеш
бир тири жан қалдырмаңлар.
17 Қудайыңыз Жаратқан Ийениң
сизлерге буйырғанындай, хет, амор,
қанан, периз, хиў ҳәм ебус халық-
ларын пүткиллей қырып таслаң-
лар. 18 Болмаса, олар өзлериниң
қудайларына табынып, ислейту-
ғын жеркенишли ислерин сизлерге
үйретеди ҳәм сизлер де Қудайы-
ңыз Жаратқан Ийеге қарсы гүна
ислейсиз.

19 Егер де бир қаланы қолға алыў
ушын, узақ ўақыт қоршап турса-
ңыз, оның дөгерегиндеги мийўе
ағашларды шаўып, жоқ қылмаңлар.
Олардың мийўелерин жеўиңизге
болады, бирақ шаўып таслamaңлар.
Өйткени даладағы мийўе ағашлар
қорғанның ишине қашып кетету-
ғындай адам емес-ғо. 20 Тек ғана
мийўе бермейтуғын тереклерди
шаўып, жоқ қылыўыңызға бола-
ды. Қаланы қолға аламан дегенше,
қамал қылатуғын үскенелер соғыў
ушын, сол тереклерден пайдала-
ныўыңызға болады».

## Кимниң өлтиргени биймәлим өлилер ҳаққында

21 1 «Қудайыңыз Жаратқан
Ийе сизлерге мүлик етип
берип атырған елде далада жа-
тырған бир өли дене табылса ҳәм
оны кимниң өлтиргени белгисиз
болса, 2 ақсақалларыңыз ҳәм қа-
зыларыңыз барып, сол өлиниң

дөгерегиндеги жақын қалалардың
аралығын өлшеп шықсын. 3 Өлиге
жақын болған қаланың ақсақал-
лары еле жумысқа қосылмаған,
мойынтырық тағылмаған бир қа-
шарды алсын. 4 Қала ақсақаллары
қашарды жери сүрилмеген, ғәлле
егилмеген ҳәм ишинде ҳәмме ўа-
қытта суў ағып туратуғын бир сайға
алып барсын. Сол сайда қашардың
мойнын сындырсын. 5 Лебийли
руўханийлер де сол жерге барсын.
Өйткени Қудайыңыз Жаратқан
Ийе Маған хызмет етсин ҳәм Ме-
ниң атым менен халықты жарыл-
қасын деп, Лебий урыўын таңлап
алды. Ҳәр түрли жәнжеллерди ҳәм
бир-биреўге зорлық қылыў мәсе-
лелерин олар шешеди. 6 Өли дене
табылған жерге ең жақын болған
қаланың ақсақаллары сайда мой-
ны сындырылған қашардың үс-
тине қолларын жуўып, 7 былай
деп айтсын: „Бул адамның қанын
төккен бизлердиң қолларымыз
емес, буны кимниң қылғанын да
көрмедик. 8 Жаратқан Ийе, Өзиң
Мысырдан азат еткен халқың из-
раиллыларды кешире гөр. Хал-
қың Израилды айыпсыз төгилген
қанға жуўапкер қылма“. Соннан
кейин, олар төгилген қанның жу-
ўапкершилигинен азат болады.
9 Сонда Жаратқан Ийениң нәзе-
ринде туўры ислерди қылған бола-
сыз, араңыздағы айыпсыз қанды
төгиў гүнасынан өзлериңизди та-
залайсыз».

### Тутқынға түскен қызға үйлениў ҳаққында

10 «Қудайыңыз Жаратқан Ийе са-
ўашта душпанларыңызды сизлерге
тәслим қылғанда ҳәм сизлер олар-
ды тутқын қылғаныңызда, 11 олар-
дың арасынан сулыў бир қызды
көрип, унатып қалсаңыз, онда оған
үйлениўиңизге болады. 12 Сол қыз-
ды үйиңизге әкелиң. Қыз шашын
қырқып, тырнақларын алып тас-
ласын. 13 Ол үстиндеги тутқынлық
кийимин алмастырсын ҳәм бир ай
даўамында әке-шешесин жоқлап,
үйиңизде жасасын. Кейин жигит
қызға жақынлап, оған күйеў, қыз
оның ҳаялы болады. 14 Егер кейи-
нирек қыз жигитке унамай қалса,
оны азат қылып жиберсин. Сол
қызды ҳаял болыўға мәжбүрлегени
ушын, оны пулға сатпасын ҳәм оған
қул сыпатында қатнас жасамасын».

### Туңғыш улдың мийраслық ҳуқықы

15 «Егер бир адамның еки ҳаялы
болса, ол биреўин сүйип, екинши-
син жақсы көрмесе, екеўи де оған
бир улдан туўып берсе, туңғыш
улы жақсы көрмейтуғын ҳаялы-
ның баласы болса, 16 онда ол адам
мал-мүлкин улларына мийрас етип
бөлистирген күни жақсы көрген ҳа-
ялының баласын үстин қойып, оған
туңғышлық ҳуқықын бермесин.
17 Жақсы көрмейтуғын ҳаялының
баласын туңғыш ул деп тән алсын
ҳәм оған барлық мал-мүлкинен еки
есе етип мийрас берсин. Өйткени
сол ул әкесиниң белиндеги күштиң
биринши жемиси болады. Туңғыш-
лық ҳуқық оған тийисли».

### Бойсынбайтуғын ул

18 «Егер де бир адамның тен-
тек, қайсар, ата-анасына бойсын-
байтуғын, оны қанша жазаласа

да, тыңламайтуғын бир улы болса,
19 онда ата-анасы оны услап, қала
дәрўазасында мәселе шешетуғын
қала ақсақалларының алдына алып
келсин. 20 Баланың ата-анасы олар-
ға былай деп айтсын: „Улымыз тен-
тек ҳәм бойсынбайды. Бизлердиң
сөзлеримизге қулақ салмайды. Ол
тамақсаў ҳәм мәскүнем“. 21 Соннан
кейин, қаланың барлық адамлары
сол баланы тас боран қылып өлтир-
син. Солай етип, араңыздағы жа-
ўызлықты жоқ қылыңлар. Пүткил
Израил халқы бул ҳаққында еси-
тип, қорқатуғын болады».

## Ҳәр түрли нызамлар

22 «Егер бир адам өлим жазасына
тартылатуғын гүна ислесе, сизлер
оны өлтирип, ағашқа асып қойса-
ңыз, 23 өли денени түн бойы ағашта
асыўлы қалдырмаң. Оны сол күни
жерлеңлер. Өйткени ағашқа асыл-
ған адам Құдай тәрепинен нәлет-
ленгендур. Құдайыңыз Жаратқан
Ийе сизлерге мүлик етип берип
атырған елди ҳарамламаңлар».

22 1 «Егер де бир израиллы ту-
ўысқаныңыздың адасқан
сыйырын ямаса қойын көрсеңиз,
өзиңизди көрмегенге салмаңлар.
Оны өз ийесине апарып бериң-
лер. 2 Егер де малдың ийеси сеннен
узақта болса ямаса кимниң малы
екенин билмесең, оны өзиңниң
үйиңе алып бар. Малдың ийеси
малын излеп келген ўақытта, оған
қайтарып бересең. 3 Туўысқаның-
ның ешегин, кийимин ямаса басқа
да жойтқан нәрселерин таўып ал-
ғаныңызда да анық солай ислеңлер.
Өзиңизди көрмегенге салмаңлар.
4 Және де, израиллы бир туўыс-
қаныңыздың ешеги ямаса сыйыры
жолда қулап жатырғанын көрип
қалсаңыз, оны көрмегенге салмаң-
лар. Оларды аяққа турғызыў ушын
туўысқаныңызға жәрдем бериңлер.
5 Ҳаяллар еркектиң кийимин, ер-
кеклер ҳаял адамның кийимин кий-
месин. Құдайыңыз Жаратқан Ийе
бундай қылғанлардан жеркенеди.
6 Жол-жөнекей теректе ямаса
жерде бир қустың уясына дус ке-
лип қалсаңыз, қус мәйек басып
атырған ямаса палапанлары ме-
нен отырған болса, қусты палапан-
лары менен бирге қосып алмаңлар.
7 Өзиңизге тек ғана палапанларын
алыўыңызға болады, бирақ ана-
сын босатып жибериңлер. Сонда
сизлер абадан турмысқа ерисип,
өмириңиз узақ болады.
8 Таза үй салғаныңызда, төбесин
жийеклеп, қоршаў ислеп шығыңлар.
Сонда үйиңиздиң төбесинен биреў
жерге қулап, өлип қалса, шаңара-
ғыңыз буған жуўапкер болмайды.
9 Жүзимзарыңызға жүзимнен
басқа егин екпеңлер. Болмаса, ек-
кен тұқымыңыз да, жүзимзарыңыз
да ҳарам болып, өзлериңиз қолла-
на алмайсыз.
10 Жерди сүриў ушын ешек пенен
өгизди бир гүндеге қоспаң.
11 Жүн ҳәм зығырдан араласты-
рып тоқылған кийим киймең.
12 Кийимиңиздиң етеклериниң
төрт мүйешине шашақ ислетип,
тиктирип қойыңлар».

## Неке ҳадаллығына байланыслы қағыйдалар

13 «Егер биреў үйленип, қыз бе-
нен жатқаннан кейин, оны унатпай

қалса 14 ҳәм оны айыплап: „Бул
қызға үйлендим, бирақ оның ме-
нен жатқанымда, ол қыз болмай
шықты“, – деп жаман атлы қылса,
15 қыздың ата-анасы қызының пәк-
лигин дәлиллейтуғын төсектеги
қызлық белгини алып, ақсақаллар-
ға көрсетиў ушын қала дәрўазасы-
на алып барсын. 16 Қыздың әкеси
ақсақалларға былай десин: „Қы-
зымды мына жигитке узатқан едим.
Ал кейин ол қызымды унатпай қа-
лыпты. 17 Енди болса, қызыңыз
қыз болып шықпады, деп жалған
айыплап атыр. Бирақ мынаў қы-
зымның пәклигин дәлиллейтуғын
қызлық белгиси!“ Кейин қыздың
ата-анасы қызының қызлық бел-
гиси бар төсекти ақсақаллардың
көз алдында жайып, көрсетсин.
18 Қала ақсақаллары үйленген жи-
гитти әкелдирип, сабалап жаза-
ласын. 19 Және де, ақсақаллар сол
жигитке айыбы ушын жүз шекел[a]
гүмис төлетсин. Жигит израиллы
пәк бир қызды жаман атлы қылға-
ны ушын, гүмисти қыздың әкесине
берсин. Қыз сол жигиттиң ҳаялы
болып қалсын ҳәм жигит өмири
даўамында қыз бенен ажырасыў
ҳуқықына ийе емес.

20 Ал егер де сол адамның айтқан-
лары дурыс болып, қыздың пәкли-
гиниң дәлили болмаса, 21 қызды
әкесиниң үйиниң есигине алып
барсын. Қала халқы сол қызды тас
боран қылып өлтирсин. Өйткени
ол әкесиниң үйинде жасаған ўақ-
тында бузықшылық қылып, Изра-
илда жеркенишли ис қылды. Солай
етип, араңыздағы жаўызлықты жоқ
қылыңлар.

22 Егер де бир адам басқа биреў-
диң ҳаялы менен жатқан жеринен
усланса, онда еркек те, ҳаял да өл-
тирилсин. Усылай етип, Израил-
дан жаўызлықты жоқ қылыңлар.

23 Егер бир адам қалада басқа би-
реў менен атастырылып қойылған
бир қызды ушыратып қалып, оның
менен жатса, 24 екеўи де қала дәр-
ўазасының қасына алып барылсын
ҳәм тас боран қылып өлтирилсин.
Себеби қыз қаланың ишинде болса
да жәрдем сорап, даўыслап бақыр-
мады, ал еркек болса, басқа биреў-
диң болажақ ҳаялының абырайын
төкти. Солай етип, араңыздағы жа-
ўызлықты жоқ қылыңлар.

25 Егер де бир адам атастырылып
қойылған бир қызды далада ушы-
ратып қалып, оны услап алып зор-
ласа, онда тек сол зорлаған адам
ғана өлтирилсин. 26 Қызға ҳеш нәр-
се қылмаңлар. Өйткени қыздың
өлимге ылайық ҳеш қандай айыбы
жоқ. Бул биймәлел биреўге ҳүжим
қылып, оны өлтирген адамның
исине уқсайды. 27 Себеби ол адам
атастырылған қызды ашық дала-
да услап алған, ал қыз болса, жәр-
дем сорап, бақырған. Деген менен,
қутқаратуғын ҳеш ким болмаған.

28 Егер де бир адам атастырылма-
ған бир пәк қызды ушыратып, оны
услап алса ҳәм оның менен жат-
қан жеринен усланса, 29 қыз бенен
жатқан адам қыздың әкесине елиў
шекел гүмис берсин. Ол қызды зор-
лағаны ушын, оған үйленсин ҳәм

---

[a] **22:19** *Жүз шекел* – бир шекел шама менен 11 гр.

өмири даўамында қыз бенен ажы-
расыў ҳуқықына ийе емес.
30 Ҳеш ким әкесиниң ҳаялына
үйленбесин, усылай ислеп, әкесин
шерменде қылмасын».

### Жаратқан Ийениң жәмийетиниң арасына кирмейтуғынлар

23 1 «Туқым бези езилген
ямаса жынысый ағзасы
кесилген адам Жаратқан Ийениң
жәмийетине кирмейди.
2 Тыйым салынған некеден ту-
ўылған бала Жаратқан Ийениң
жәмийетине кирмейди, ҳәттеки,
оның кейинги оныншы әўладына
дейин Жаратқан Ийениң жәмийе-
тине кире алмайды.
3 Аммон ямаса моаб халқынан
болған адам Жаратқан Ийениң
жәмийетине кирмейди. Ҳәттеки,
олардың оныншы әўладына де-
йин Жаратқан Ийениң жәмийети-
не ҳасла кире алмайды. 4 Өйткени
Мысырдан шығып киятырғаны-
ңызда, олар жолда сизлерди нан
ҳәм суў менен күтип алмады. Жә-
не де, Арам-Наҳарайымдағы Петор
қаласынан болған Беор улы Билам-
ды сизлерди нәлетлеў ушын жалла-
ған еди. 5 Деген менен, Қудайыңыз
Жаратқан Ийе Биламға қулақ са-
лыўды қәлемеди. Қудайыңыз
Жаратқан Ийе сизлерди сүйгени
ушын, нәлетти жарылқаўға ай-
ландырды. 6 Өмириңиз даўамында
олардың тынышлығы ҳәм ийгили-
ги ушын ҳәрекет етпеңлер.
7 Эдомлылардан болса, жеркен-
беңлер, олар сизлердиң туўысқа-
ныңыздур. Мысырлылардан да
жеркенбеңлер. Өйткени олардың
жеринде сизлер келгинди болып
жасаған едиңлер. 8 Олардан туўыл-
ған үшинши әўлад Жаратқан Ийе-
ниң жәмийетине кире алады».

### Орданы пәк тутыў

9 «Душпанларыңыз бенен уры-
сыў ушын орда қурғаныңызда, ҳәр
қандай ҳарамылықтан сақ болың-
лар. 10 Егер араңызда бир адамның
түнде урығы ағып, ҳарам болса,
ол ордадан шығып кетсин ҳәм сол
жерде қалсын. 11 Ол кешке қарай
жуўынып алсын, күн батқаннан
кейин ордаға қайтыўына болады.
12 Орданың сыртында дәретке
шығатуғын жериңиз болсын. 13 Қу-
рал-жарағыңыздың арасында жер
қазыў ушын бир белше болсын.
Дәретке шығарда, шуқыр қазып,
кейин оны көмип таслаң. 14 Ор-
даңызды пәк сақлаңлар, себеби
Қудайыңыз Жаратқан Ийе сиз-
лерди қутқарып, душпанларыңыз-
ды сизлерге тәслим қылыў ушын,
ордада сизлер менен бирге жүре-
ди. Егер де Жаратқан Ийе араңыз-
да қандай да бир әдепсиз ислерди
көрсе, Ол сизлерден жүз бурады».

### Ҳәр түрли қағыйдалар

15 «Хожайынынан қашып, Из-
раилдан пана излеп келген қул-
ды хожайынына қайтарып берип
жиберменңлер. 16 Ол сизлердиң
араңызда, өзи унатқан жерде, қә-
леген қалалардың биринде жаса-
сын. Оған жаўызлық қылмаңлар.
17 Бутханаларда бузықлық пенен
шуғылланатуғын израиллы ҳеш
қандай ҳаял ямаса еркек болмасын.
18 Қудайыңыз Жаратқан Ийе бузық-
лық пенен шуғылланатуғын ҳаял ҳәм

еркеклерден жеркенеди. Олардың
ис ҳақысын Қудайыңыз Жаратқан
Ийениң Үйине ўәде бойынша бери-
летуғын сый етип алып келмеңлер.
19 Израиллы туўысқаныңызға
пулды, нанды ямаса басқа да зат-
ларыңызды қарызға бергениңиз-
де, оннан үстеме талап қылмаңлар.
20 Басқа жат жерли адамнан үстеме
алыўыңызға болады, бирақ изра-
иллы туўысқаныңыздан алмаң-
лар. Сонда сизлер мүлик етип алыў
ушын баратырған елде, Қудайыңыз
Жаратқан Ийе сизлердиң қол урған
ҳәр бир исиңизге берекет береди.
21 Қудайыңыз Жаратқан Ийе-
ге қандай да бир ўәде берсеңиз,
оны кешиктирмей орынлаңлар.
Қудайыңыз Жаратқан Ийе сиз-
лерден ўәдеңизди орынлаўыңыз-
ды талап қылады. Егер ўәдеңизди
орынламасаңыз, өзлериңизге гү-
на арттырып аласыз. 22 Егер ўәде
бермеген болсаңыз, гүналы бол-
майсыз. 23 Ал аўзыңыздан шыққан
ўәдеңизди сөзсиз орынлаңлар. Өйт-
кени Қудайыңыз Жаратқан Ийеге
өз қәлеўиңиз бенен ўәде бердиңиз.
24 Туўысқаныңыздың жүзим-
зарына киргениңизде, жүзимнен
тойғаныңызша жеўиңизге болады,
бирақ оннан ыдысыңызға терип ал-
маңлар. 25 Туўысқаныңыздың егис-
лигине киргениңизде, қолыңыз
бенен масағын үзип алыўыңызға
болады, бирақ оның егинлерин
орып алмаңлар».

### Ажырасыў ҳәм қайта турмыс қурыў

**24** 1 «Егер де бир адам үйле-
нип, кейин ала ҳаялынан
шерменделик бир нәрсе таўып, оны
унатпай қалса, ҳаялына талақ хат
жазып берип, оны үйинен шығарып
жибериўи мүмкин. 2 Ҳаял күйеўи-
ниң үйинен кеткеннен кейин, басқа
биреўге турмысқа шықса, 3 екин-
ши күйеўи де оны унатпай қалып,
ол да оған талақ хат жазып берип,
үйинен шығарып жиберсе яма-
са сол екинши күйеўи өлип қалса,
4 ажырасқан биринши күйеўи ҳаял-
ға қайтадан үйлениўине болмайды.
Себеби ҳаял ҳарамланған. Егер үй-
ленсе, буннан Жаратқан Ийе жер-
кенеди. Қудайыңыз Жаратқан Ийе
сизлерге мүлик етип берип атырған
елди гүнаға батырмаңлар.

### Ҳәр түрли нызамлар

5 Жақында үйленген адам урысқа
бармасын, оған ҳәр түрли ўазый-
палар берилмесин. Ол бир жыл да-
ўамында үйинде болып, ҳаялын
бахытлы қылсын.
6 Ҳеш ким кепиллик сыпатын-
да дигирманды ямаса дигирман-
ның үстиндеги тасты да алмасын.
Бундай ис қылыў адамның жанын
кепилликке алған менен барабар
болады.
7 Егер биреўдиң израиллы туўыс-
қанларынан бирин урлап, оған қул
сыпатында қарап, зулымлық қыл-
ғаны ямаса оны қул қылып сатып
жибергени мәлим болса, онда бун-
дай уры адам өлтирилсин. Солай
етип, араңыздағы жаўызлықты жоқ
қылыңлар.
8 Жаман тери кеселлиги мәсе-
лесинде, лебийли руўханийлер-
диң сизлерге үйрететуғынларының
ҳәммесин муқыятлы түрде орын-
лаңлар. Мениң лебийлилерге бер-
ген буйрықларыма әмел қылыңлар.

[9] Сизлер Мысырдан шыққаннан ке-
йин, жолда Қудайыңыз Жаратқан
Ийениң Мәриямға не қылғанын[a]
есиңизде сақлаңлар.
[10] Израиллы туўысқаныңыздың
биреўине бир нәрсени қарызға бер-
гениңизде, кепилликке зат алыў
ушын, оның үйине кирмеңлер.
[11] Сыртта күтип турыңлар. Ол адам
кепилликке беретуғын затын өзи
сыртқа алып шықсын. [12] Егер ол
кәмбағал адам болса, оның кепил-
ликке берген кийимин түн бойы
өзиңизде қалдырмаңлар. [13] Оннан
алған кийимди қуяш батар ўақыт-
та қайтарып бериңлер. Ол өз ки-
йимин кийип уйықлап, сизге ақ
пәтия береди. Усылай ислеп, сиз-
лер Қудайыңыз Жаратқан Ийениң
алдында дурыс ис қылған боласыз.
[14] Кәмбағал ҳәм мүтәжликте жа-
сап атырған жалланба жумысшы-
ның ис ҳақысын услап қалмаңлар.
Ол израиллы болсын, қалаңыздың
биринде жасап атырған келгинди
адам болсын, ондай қылмаңлар.
[15] Оның ис ҳақысын ҳәр күни қуяш
батпастан алдын бериңлер. Себе-
би ол кәмбағал болғаны ушын, ти-
ришилиги усыдан ибарат. Болмаса,
ол адам сизлерге қарсы Жаратқан
Ийеге налыйды ҳәм өзиңизге гүна
арттырып аласыз.
[16] Балаларының гүнасы ушын
әкелер, әкелериниң гүнасы ушын
балалар өлтирилмесин. Ҳәр бир
адам өз гүнасы ушын өлтирилсин.
[17] Келгинди адамлардың ҳәм же-
тимлердиң ҳуқықын аяқ асты қыл-
маңлар. Жесир ҳаялдың кийимин
кепилликке алмаңлар. [18] Мысырда
қул болғаныңызды ҳәм Қудайы-
ңыз Жаратқан Ийениң сизлерди
сол жерден азат еткенин есиңизде
сақлаңлар. Соның ушын да, мен
сизлерге усы буйрықты берип
атырман.
[19] Атызыңыздағы егинди ор-
ғаныңызда, орылған бир баўды
умытып қалдырған болсаңыз, оны
алыў ушын кейниңизге қайтпаң-
лар. Оны келгиндилерге ҳәм же-
тим-жесирлерге қалдырыңлар.
Сонда Қудайыңыз Жаратқан Ийе
сизлердиң қол урған ҳәр бир иси-
ңизге берекет береди. [20] Зәйтүн
ағашларыңыздың мийўелерин қа-
ғып алғаныңыздан кейин, шақа-
ларда қалып қойғанларды және
терип алыў ушын бармаңлар. Олар-
ды келгиндилерге ҳәм жетим-же-
сирлерге қалдырыңлар. [21] Және
де, жүзимзарыңыздың мийўеле-
рин тергениңизде де, шақаларында
қалып кеткен жүзимлерди қайта-
дан терип алмаңлар. Буларды кел-
гиндилерге ҳәм жетим-жесирлерге
қалдырыңлар. [22] Мысырда қул бол-
ғаныңызды есиңизде сақлаңлар.
Соның ушын да, мен сизлерге усы
буйрықты берип атырман».

# 25

[1] «Еки адамның арасында
жәнжел шықса, олар қа-
зылардың алдына барсын. Қазы-
лар сол еки адамның арасындағы
даўды қарап шықсын ҳәм айып-
сызды ақлап, ал айыплы адамды
жазаға тартсын. [2] Егер де айып-
лы адам сабаўға ылайықлы бол-
са, қазы оны жерге жатқарсын
ҳәм өзиниң көз алдында айыбына

---

a **24:9** Сан 12:15.

жараса сабатсын. 3 Айыплы адам
қырықтан артық сабалмасын. Егер
қырықтан асып кетсе, онда туўыс-
қаныңыз сизлердиң көз алдыңыз-
да хорланып қалады.
4 Түйек айдап атырған өгиздиң
аўзын байлап қоймаңлар.

### Марҳум туўысқан алдындағы ўазыйпа

5 Егер бирге жасап атырған аға-
лы-инилилердиң бири перзентсиз
қайтыс болса, марҳумның ҳаялы
жат адамға турмысқа шықпасын.
Марҳумның туўысқаны жесир қал-
ған ҳаялға үйленсин ҳәм өзиниң
қәйинлик ямаса қайнағалық ўа-
зыйпасын орынласын. 6 Сол ҳаял
туўған туңғыш ул марҳумның атын
даўам етсин. Солай етип, марҳум-
ның аты Израил халқынан өшип
кетпейди. 7 Бирақ сол адам марҳум
ағасының ямаса инисиниң жесир
қалған ҳаялына үйлениўден бас
тартса, жесир ҳаял қала дәрўаза-
сына барып, ақсақалларға былай
деп айтсын: „Марҳум күйеўимниң
туўысқаны оның атын Израил хал-
қының арасында даўам еттириўди
қәлемей, өз ўазыйпасын орынлаў-
дан бас тартып атыр“. 8 Сонда қа-
ланың ақсақаллары сол адамды
шақырып алып, оның менен сөй-
лессин. Егер ол адам: „Оған үйле-
ниўди қәлемеймен“, – деп турып
алса, 9 жесир ҳаял марҳум күйе-
ўиниң туўысқанының қасына кел-
син. Ҳаял қала ақсақалларының
көз алдында оның бир аяқ кийи-
мин шешип алып, жүзине түкирип:
„Туўысқанының әўладын тиклеў-
ди қәлемеген адамға усындай ис-
ленеди“, – деп айтсын. 10 Усыдан
кейин, сол адамның әўлады Изра-
илда „Аяқ кийими шешилген“, деп
аталатуғын болады».

### Басқа нызамлар

11 «Еки адам бир-бири менен тө-
белесип атырғанда, биреўиниң ҳа-
ялы келип, урып атырған адамнан
күйеўин айырып алыў ушын, сол
адамның жынысый ағзасынан ус-
ласа, 12 онда ҳаялдың қолын шаўып
таслаңлар. Оны аяп отырмаңлар.
13 Дорбаңызда биреўи аўыр,
екиншиси жеңил еки түрли тәрези
таслар болмасын. 14 Үйиңизде би-
реўи үлкен, екиншиси кишкене сы-
йымлылық өлшейтуғын ыдыслар
болмасын. 15 Тәрези тасларыңыз да,
сыйымлылық өлшейтуғын ыдыс-
ларыңыз да ҳадал ҳәм дурыс бол-
сын. Сонда Қудайыңыз Жаратқан
Ийениң сизлерге берип атырған
жеринде өмириңиз узақ болады.
16 Қудайыңыз Жаратқан Ийе сон-
дай наҳақлық қылатуғынлардан
жеркенеди.

### Амалек халқын өлтириў ҳаққындағы буйрық

17 Сизлер Мысырдан шыққан-
нан кейин амалек халқының сиз-
лерге не ислегенин умытпаңлар.
18 Сизлер жолдан шаршап, ҳәл-
сизленип қалғаныңызда, олар
Қудайдан қорқпай сизлерге ҳү-
жим қылып, артыңызда қалған
барлық ҳәлсирегенлерди өлтирген
еди. 19 Қудайыңыз Жаратқан Ийе
сизлерге мүлик етип берип атыр-
ған елде әтирапыңыздағы барлық
душпанларыңызды жеңип, тынышлыққа
ерискениңизде, амалек хал-
қын жоқ қылып, олардың атын жер

жүзинен өширип таслаңлар. Буны
умытпаңлар!»

### Биринши зүрәәт ҳәм оннан бирин ажыратыў

**26** 1 «Қудайыңыз Жаратқан
Ийе сизлерге мүлик етип
берип атырған елге кирип, ол
жерди ийелеп, жайласып алғаны-
ңызда, 2 сол елдиң жерлеринен
жыйнап алатуғын барлық зүрәәт-
лериңиздиң биринши өнимлери-
нен алып, себетке салыңлар. Кейин
оларды Қудайыңыз Жаратқан
Ийениң Өз атын орналастырыў
ушын таңлайтуғын жерине алып
барыңлар. 3 Сол ўақытта хызмет
етип атырған руўханийдиң алды-
на барып, оған былай деп айтың-
лар: „Жаратқан Ийениң бизлерге
беремен деп, ата-бабаларымызға
ант ишкен елине келдим. Бүгин
мен усыны Қудайың Жаратқан
Ийениң алдында тән аламан“.
4 Руўханий қолыңыздан себетти
алып, Қудайыңыз Жаратқан Ийе-
ниң қурбанлық орнының алдына
қойсын. 5 Соннан кейин, сизлер
Қудайыңыз Жаратқан Ийениң ал-
дында былай деп айтыңлар: „Ата-
бабам көшпели арамлы еди. Ол
азғантай адамы менен Мысырға
барып, сол жерде келгинди бо-
лып жасай баслады. Бирақ ол ул-
лы, күшли ҳәм сансыз халыққа
айланды. 6 Мысырлылар бизлерге
жаман қатнаста болып, зулымлық
етти ҳәм аўыр жумыс ислеўге мәж-
бүрледи. 7 Сонда бизлер ата-баба-
ларымыздың Қудайы Жаратқан
Ийеге жалбарынып, дад салдық.
Жаратқан Ийе дадымызды есит-
ти ҳәм бизлердиң азап шегип
атырғанымызды, ислеп атырған
аўыр мийнетимизди, мысырлы-
лардың бизлерге ислеп атырған
езиўшилигин көрди. 8 Соннан ке-
йин, Ол қудирети ҳәм созылған
күшли қолы, уллы ҳәм қорқыныш-
лы ислери ҳәм кәраматлы белги-
лери менен бизлерди Мысырдан
алып шықты. 9 Ол бизлерди усы
жерге алып келди, сүт ҳәм пал
ағып турған усы жерди бизлер-
ге берди. 10 Енди, Жаратқан Ийе,
бизлерге берген жериңниң бирин-
ши зүрәәтин Саған алып келдик“.

Кейин себетти Қудайыңыз
Жаратқан Ийениң алдына қойып,
Оған сыйыныңлар. 11 Қудайыңыз
Жаратқан Ийениң сизлерге ҳәм
шаңарақларыңызға берген бар-
лық ийгиликли затлары ушын қу-
ўанып, шадланыңлар. Лебийлилер
ҳәм араңызда жасап атырған кел-
гиндилер де сизлер менен бирге
байрамласын.

12 Сизлер үшинши жылы, оннан
бирин беретуғын жылы, барлық
зүрәәтиңизден оннан бир бөлегин
айырып қойыңлар. Сол оннан би-
риңизди лебийлилерге, келгинди-
лерге, жетим-жесирлерге бериңлер.
Солай етип, олар да қалаларыңыз-
да ишип-жеп тойсын. 13 Соннан ке-
йин, Қудайыңыз Жаратқан Ийеге
былай деп айтыңлар: „Үйимнен
мухаддес оннан бирлерди толы-
ғы менен шығарып, Өзиң буйыр-
ғаныңдай, буларды лебийлилерге,
келгиндилерге ҳәм жетим-жесир-
лерге бердим. Сениң ҳеш бир буй-
рықларыңды бузбадым, олардың
ҳеш бирин де умытпадым. 14 Аза
тутқан ўақтымда, мухаддес оннан
биринен жемедим, ҳарам болған

ўақтымда да, оларға тиймедим
ҳәм өлилердиң әрўақларына усын-
бадым. Қудайым Жаратқан Ийе,
Сениң сөзиңе қулақ салдым ҳәм ма-
ған буйырғанларыңның ҳәммесин
орынладым. 15 Енди аспандағы му-
хаддес мәканыңнан бизлерге нәзе-
риңди түсир! Ата-бабаларымызға
ишкен антың бойынша бизлер-
ге берген сүт ҳәм пал ағып турған
жерге ҳәм Израил халқыңа бере-
кет бер“».

### Қудайдың халқы

16 «Бүгин Қудайыңыз Жаратқан
Ийе усы қағыйдаларға ҳәм нызам-
ларға әмел қылыўыңызды буйы-
рып атыр. Буларды шын жүрегиңиз
ҳәм жан-тәниңиз бенен мұқыятлы
түрде орынлаңлар. 17 Бүгин сизлер:
„Жаратқан Ийе бизлердиң Қудайы-
мыз, Оның жолларынан жүремиз,
Оның қағыйдаларына, буйрықла-
рына ҳәм нызамларына әмел қы-
ламыз, Оған бойсынамыз“, – деп
ашық тән алдыңыз. 18 Жаратқан
Ийе берген ўәдеси бойынша, бү-
гин сизлерди Өз ғәзийнеси сыпа-
тында жәриялайды. Оның барлық
буйрықларына әмел қылыңлар.
19 Ол сизлерди Өзи жаратқан бар-
лық халықлардан жоқары қылады.
Сизлер алғыс-мақтаўға ҳәм ҳүр-
метке ерисесиз. Оның берген ўә-
деси бойынша, сизлер Қудайыңыз
Жаратқан Ийениң мухаддес халқы
боласыз».

### Эбал таўындағы қурбанлық орын

27 1 Муўса менен Израил-
дың ақсақаллары халыққа
былай деп буйырды: «Бүгин мен
сизлерге берген буйрықларға әмел
қылыңлар. 2 Қудайыңыз Жаратқан
Ийе сизлерге берип атырған елге
кириў ушын Иордан дәрьясынан
кесип өткениңизден кейин, үлкен
тасларды орналастырып, олар-
ды ҳәклеп шығыңлар. 3 Ата-баба-
ларыңыздың Қудайы Жаратқан
Ийениң сизлерге берген ўәдеси
бойынша, Ол сизлерге беретуғын
сүт ҳәм пал ағып турған жерге кир-
гениңизде, бул нызамдағы барлық
сөзлерди сол тасларға жазың-
лар. 4 Иордан дәрьясынан кесип
өткеннен кейин, бүгин сизлерге
буйырғанымдай, тасларды Эбал
таўына орнатып, оларды ҳәклеп
шығыңлар. 5 Ол жерде Қудайы-
ңыз Жаратқан Ийеге арнап басқа
таслардан бир қурбанлық орын
қурыңлар. Қурбанлық орын соғы-
латуғын тасларға темир әсбап тий-
гизбеңлер. 6 Қудайыңыз Жаратқан
Ийениң сол қурбанлық орнын
жонылмаған таслардан қурың-
лар. Қурбанлық орынның үстин-
де Қудайыңыз Жаратқан Ийеге
жандырылатуғын қурбанлықлар
усыныңлар. 7 Татыўлық қурбан-
лықларын да сол жерде шалып,
жеңлер ҳәм Қудайыңыз Жаратқан
Ийениң алдында шадланыңлар.
8 Сол орнатылған тасларға нызам-
ның барлық сөзлерин түсиникли
етип жазып шығыңлар».

9 Соннан кейин, Муўса менен
лебийли руўханийлер пүткил из-
раиллыларға: «Ҳәй, Израил, үнсиз-
лик сақлап, қулақ салыңлар! Бүгин
Қудайыңыз Жаратқан Ийениң
халқы болдыңыз. 10 Қудайыңыз
Жаратқан Ийеге қулақ салыңлар,
бүгин мен сизлерге берип атырған

Оның буйрықларына ҳәм қағыйда-
ларына әмел қылыңлар», – деди.

### Бойсынбаўшылық себепли келетуғын нәлетлер

11 Сол күни Муўса халыққа былай
деп буйырды: 12 «Иордан дәрьясы-
нан өткениңизден кейин, халыққа
айтылатуғын жарылқаўды тасты-
йықлаў ушын, Гериззим таўын-
да мына урыўлар турсын: Шимон,
Лебий, Яҳуда, Иссахар, Юсуп ҳәм
Бенямин. 13 Ал айтылатуғын нә-
летлерди тастыйықлаў ушын, мы-
на урыўлар Эбал таўында турсын:
Рубен, Гад, Ашер, Зебулон, Дан ҳәм
Нафталий. 14 Лебийлилер пүткил
Израил халқына бәлент даўыс пе-
нен былай деп айтсын:
15 „Жаратқан Ийеге жеркенишли болған ойма ямаса қуйма бутты өнерментке ислетип, оны жасырын түрде орнатқан адам нәлетий болсын!“

Пүткил халық: „Аўмийин!“ – деп айтсын.

16 „Ата-анасына ҳүрметсизлик қылған нәлетий болсын!“

Пүткил халық: „Аўмийин!“ – деп айтсын.

17 „Өз қоңсысының жер шегарасын жылыстырған адам нәлетий болсын!“

Пүткил халық: „Аўмийин!“ – деп айтсын.

18 „Соқыр адамды жолдан адастырған адам нәлетий болсын!“

Пүткил халық: „Аўмийин!“ – деп айтсын.

19 „Келгинди ҳәм жетим-жесирлер ҳүким етилгенде, олардың ҳуқығын аяқ асты қылған адам нәлетий болсын!“

Пүткил халық: „Аўмийин!“ – деп айтсын.

20 „Әкесин шерменде қылып, оның ҳаялы менен жатқан адам нәлетий болсын!“

Пүткил халық: „Аўмийин!“ – деп айтсын.

21 „Қандай да бир ҳайўан менен жынысый қатнас ислеген адам нәлетий болсын!“

Пүткил халық: „Аўмийин!“ – деп айтсын.

22 „Анасынан ямаса әкесинен туўылған әжапасы яки қарындасы менен жатқан адам нәлетий болсын!“

Пүткил халық: „Аўмийин!“ – деп айтсын.

23 „Қәйин енеси менен жатқан адам нәлетий болсын!“

Пүткил халық: „Аўмийин!“ – деп айтсын.

24 „Биреўди жасырын түрде өлтирген адам нәлетий болсын!“

Пүткил халық: „Аўмийин!“ – деп айтсын.

25 „Айыпсыз биреўди өлтириў ушын, пара алған адам нәлетий болсын!“

Пүткил халық: „Аўмийин!“ – деп айтсын.

26 „Усы нызамға әмел қылмай, буларды орынламаған адам нәлетий болсын!“

Пүткил халық: „Аўмийин!“ – деп айтсын».

### Жарылқаўлар

28 1 «Егер Қудайыңыз Жаратқан
Ийениң сөзине қулақ са-
лып, бүгин мен сизлерге жеткерип
атырған Оның барлық буйрықла-
рын муқыятлы түрде орынласаңыз,

Ол сизлерди жер жүзиндеги ҳәм-
ме халықлардан жоқары қылады.
2 Қудайыңыз Жаратқан Ийениң
сөзин тыңласаңыз, үстиңизге мы-
на берекетлер жаўады ҳәм бере-
кетли боласыз:
3 Қалада да, атызда да берекет-
ли боласыз.
4 Үбирли-шүбирли болып жарыл-
қанасыз. Жериңиздиң зүрәәти мол
болады, малларыңыздың төллери –
пада ҳәм сүриўлериңиздиң бузаў-
лары менен қозылары көп болады.
5 Дән себетлериңиз ҳәм қамыр
табақларыңыз берекетли болады.
6 Үйде де, дүзде де ҳәр бир иси-
ңиз берекетли болады.
7 Жаратқан Ийе сизлерге ҳүжим
қылған душпанларыңызды жеңи-
лиске ушыратады. Олар сизлерге
бир тәрептен ҳүжим етсе, сизлер-
ден тумлы-тусқа қашып кетеди.
8 Жаратқан Ийениң буйры-
ғы менен ғәллеханаңыз толы
болады. Қол урған ҳәр бир иси-
ңизди Жаратқан Ийе берекетлейди.
Қудайыңыз Жаратқан Ийе сизлер-
ге берип атырған елде сизлерди
жарылқайды.
9 Қудайыңыз Жаратқан Ийе-
ниң буйрықларына әмел қылып,
Оның жоллары менен жүрсеңиз,
Жаратқан Ийе сизлерге ант иш-
кениндей, сизлерди Өзиниң му-
қаддес халқы қылады. 10 Жер
жүзиндеги барлық халықлар сиз-
лердиң Жаратқан Ийеге тийисли
екениңизди көрип, сизлерден
қорқатуғын болады. 11 Жаратқан
Ийе сизлерге беремен деп, ата-
бабаларыңызға ант ишкен елде
молшылықта жасаўыңызды тә-
мийинлейди. Үбирли-шүбирли
боласыз, малларыңыздың төлле-
ри көбейеди ҳәм жериңиздиң зү-
рәәти мол болады. 12 Жаратқан
Ийе елиңизге өз ўақтында жаўын
жаўдырыў ушын аспандағы бай
ғәзийнесин ашады ҳәм қол урған
ҳәр бир исиңизге берекет бере-
ди. Көп халықларға қарыз бересиз,
өзлериңиз болса, қарыз алмайту-
ғын боласыз. 13 Бүгин мен сизлер-
ге жеткерип атырған Қудайыңыз
Жаратқан Ийениң буйрықларын
тыңлап, оларды мұқыятлы түрде
орынласаңыз, Ол сизлерди қуй-
рық емес, ал бас қылады. Сизлер
төменде емес, ал жоқарыда бола-
сыз. 14 Бүгин мен сизлерге жетке-
рип атырған буйрықлардан оңға да,
солға да шығып кетпеңлер, басқа
қудайларға ерип, оларға табын-
баңлар».

### Нәлетлер

15 «Бирақ, егер де Қудайыңыз
Жаратқан Ийениң сөзине қулақ
салмай, бүгин мен сизлерге жет-
керип атырған Оның барлық буй-
рықларын ҳәм қағыйдаларын
мұқыятлы түрде орынламасаңыз,
мына нәлетлер басыңызға түседи:
16 Қалада да, атызда да нәлетий
боласыз.
17 Дән себетлериңиз ҳәм қамыр
табақларыңыз нәлетий болады.
18 Ул-қызға зар болып, жериңиз
зүрәәтсиз, сыйырларыңыз ҳәм сү-
риўлериңиз көбеймей, нәлетий бо-
ласыз.
19 Үйде де, дүзде де ҳәр бир иси-
ңиз нәлетий болады.
20 Жаратқан Ийеден жүз бурып,
жаўызлық ислегениңиз ушын,
қол урған ҳәр бир исиңизде Ол

сизлерди нәлетке ҳәм бәле-қадаға
дуўшар қылады. Исиңиз оңынан
келмейди. Ақырында, тез арада
үстиңизге апат жаўып, пүткил-
лей жоқ боласыз. 21 Сизлер мүлик
етиў ушын баратырған елиңизге
Жаратқан Ийе иллет жиберип, сиз-
лерди жоқ қылады. 22 Ол сизлерди
өкпе кеселлигине, ысытпа ҳәм қал-
тыратпаға дуўшар қылады. Соның
менен бирге, жаздың саратан ыс-
сысын ҳәм қурғақшылық жиберип,
егинлериңизди қуўратып таслайды
ҳәм кеселлендиреди. Сизлер өлип
кеткениңизше, усы апатлар изи-
ңизден қалмайды. 23 Төбеңиздеги
аспан қола сыяқлы, аяғыңыздың
астындағы жер темир сыяқлы бо-
лып қалады. 24 Сизлер жоқ болып
кетпегениңизше, Жаратқан Ийе
аспаннан жаўынның орнына ели-
ңизге шаң-тозаң жаўдырады.

25 Жаратқан Ийе сизлерди душ-
панларыңызға тәслим етеди. Сиз-
лер оларға бир тәрептен ҳүжим
етесиз, бирақ олардан жети тә-
репке қарай қашасыз. Буны көрип,
жер жүзиндеги барлық патшалық-
лардың ҳүрейлери ушып кетеди.
26 Өликлериңиз барлық қусларға
ҳәм жабайы ҳайўанларға жем бо-
лады, оларды қуўып жиберетуғын
ҳеш ким болмайды. 27 Жаратқан
Ийе мысырлыларға жиберген даўа-
сы жоқ шыйқанлар, қотыр жаралар
ҳәм қышымаларға сизлерди дуў-
шар етеди. 28 Соның менен бирге,
Ол сизлерди жинлилик, соқырлық,
естен айырылыў бәлелери менен
жазалайды. 29 Соқыр адам түнде
сыйпаланып жүргениндей, сизлер
күндизги ўақыт сыйпаланып жү-
ресиз. Ислеген ҳәр бир исиңизде
табыссыз боласыз, үзliksиз ези-
лип, тоналасыз ҳәм сизлерди қут-
қаратуғын ҳеш ким болмайды.

30 Бир қыз бенен некеден өтесиз,
бирақ оны басқа биреў зорлайды.
Үй саласыз, бирақ оның ишине ки-
рип, жасай алмайсыз. Жүзим бағын
отырғызасыз, бирақ жүзиминен жей
алмайсыз. 31 Малыңыз көз алды-
ңызда сойылады, бирақ гөшинен
жей алмайсыз. Ешегиңизди сиз-
лерден зорлап тартып алады ҳәм
қайтарып бермейди. Қой-ешкиле-
риңиз душпанларыңызға бериле-
ди. Сизлерди қутқаратуғын ҳеш
ким болмайды. 32 Ул-қызларыңыз
көз алдыңызда басқа халықларға
қул етип бериледи. Қолыңыздан
ҳеш нәрсе келмегенликтен, ҳәр кү-
ни олардың қайтып келиўин күтип,
жолына көз тигип, көзлериңиз та-
лады. 33 Сизлер танымайтуғын бир
халық келип, жериңиздиң зүрәәтин
ҳәм барлық мийнетиңиздиң мий-
ўесин жейди. Өмириңиз бойы жә-
бирленип, езилесиз. 34 Усыларды
көзлериңиз бенен көрип, ақыл-еси-
ңизден айырыласыз. 35 Жаратқан
Ийе сизлерди басыңыздан аяғыңыз-
дың ушына дейин даўасы жоқ жара
ҳәм шыйқанлар менен қаплайды.

36 Жаратқан Ийе сизлерди ҳәм өз-
лериңизге тайынлаған патшаңыз-
ды өзлериңиз де, ата-бабаларыңыз
да танымайтуғын бир халыққа сүр-
гинге айдатып жибереди. Ол жерде
ағаштан ҳәм тастан исленген басқа
қудайларға табынып, хызмет ете-
сиз. 37 Жаратқан Ийе сизлерди сол
басқа халықларға алып барғанда,
сизлер олардың арасында қорқы-
нышлы көриниске ҳәм әпсанаға
айланып, масқара боласыз.

38 Атызларыңызға көп туқым еге-
сиз, бирақ аз зүрәәт аласыз. Себеби
зүрәәтиңизди шегиртке жеп ке-
теди. 39 Жүзим бағын отырғызып,
тәрбиялайсыз, бирақ оның шара-
бын ишпейсиз, жүзимин термейсиз.
Өйткени оларды қурт жеп кетеди.
40 Елиңиздиң ҳәмме жеринде зәй-
түн бағы болса да, оның майын
үстиңизге жаға алмайсыз. Себеби
зәйтүн ағашларының миййелери
төгилип қалады. 41 Сизлер ул-қыз-
лы боласыз, бирақ өзлериңизге
буйырмайды, оларды сүргин қы-
лып алып кетеди. 42 Барлық миййе
ағашларыңыздың миййелерин ҳәм
жериңиздиң зүрәәтин шегирткелер
жеп кетеди.

43 Сизлердиң араңызда жасап
атырған келгиндилердиң жағда-
йы жоқарылап күшейеди, ал сиз-
лер болса, төменлейсиз. 44 Олар
сизлерге қарыз беретуғын болады,
ал сизлер болса, оларға қарыз бе-
ре алмайсыз. Олар бас, ал сизлер
қуйрық боласыз.

45 Сизлер Қудайыңыз Жаратқан
Ийеге қулақ салмай, Оның берген
буйрықларына ҳәм қағыйдалары-
на әмел қылмасаңыз, усы нәлетлер
басыңызға жаўып, сизлерди жоқ
қылмағанша, изиңизден қалмай,
жетип алады. 46 Бул нәлетлер сиз-
лер ҳәм урпағыңыз ушын, Қудай
берген жазаның мәңги белгиси
болып қалады. 47 Себеби ҳәмме
нәрсе молшылық ўақытта, сиз-
лер Қудайыңыз Жаратқан Ийе-
ге шадлы ҳәм қуўанышлы түрде
хызмет етпедиңиз. 48 Соның ушын,
Жаратқан Ийе сизлерге жиберген
душпанларға қуллық етесиз, аш,
суўсыз ҳәм жалаңаш қалып, ҳәмме
нәрсеге мүтәж боласыз. Жаратқан
Ийе сизлерди жоқ етпегенше, мой-
ныңызға темир мойынтырық са-
лып қояды.

49 Жаратқан Ийе сизлерге қарсы
узақтан, дүньяның басқа шетинен
бир халықты төменге тасланып
атырған бүркиттей етип жибере-
ди. Сизлер олардың тилин түсин-
бейсиз. 50 Бул халық қорқынышлы
болып, жасы үлкенлерге реҳим,
жасы кишилерге мийрим-шәпә-
әт көрсетпейди. 51 Олар сизлерди
жоқ қылмағанша, малларыңыз-
дың төллерин ҳәм жериңиздиң
зүрәәтин жейди. Сизлерге дән де,
шарап та, зәйтүн майын да, сы-
йырларыңыздың бузаўларын да,
қойларыңыздың қозыларын да
қалдырмайды. Сонда сизлер жоқ
болып кетесиз. 52 Олар Қудайы-
ңыз Жаратқан Ийе сизлерге берип
атырған елдеги барлық қалаларды
қамал қылады. Сизлер исенген би-
йик ҳәм беккем дийўаллар жер ме-
нен жексен болады.

53 Душпаныңыз қамал қы-
лып, қысқыға алғанда, сизлер өз
перзентлериңизди, Қудайыңыз
Жаратқан Ийе өзлериңизге берген
ул-қызларыңызды жейсиз. 54 Ара-
ңыздағы ең мүләйим, ең нәзик адам
да туўысқанына, ҳаялына ҳәм аман
қалған балаларына жаны ашымай,
55 өзи жеп отырған баласының гө-
шин қызғанып, олардың ҳеш бири
менен бөлиспейди. Өйткени сиз-
лерди душпаныңыз қамал қылып,
қысқыға алғаны себепли қалала-
рыңызда ҳеш қандай аўқат қалмай-
ды. 56 Араңыздағы ең мүләйим, ең
нәзик ҳаял, мүләйимлиги ҳәм нә-
зиклигинен аяғын жерге басыўды

қәлемейтуғын ҳаял сүйикли күйеўине, өз ул-қызына жаны ашымай,
57 аш болғанлықтан, туўған
баласын ҳәм баласының жолдасын жасырынша жеп, олар менен
бөлиспейди. Себеби душпаныңыз
сизлерди қамал қылып, қысқыға
алғанлықтан, усындай қыйын аўҳалда қалып қоясыз.

58 Усы китапта жазылған нызамның барлық сөзлерин муқыятлы түрде орынламай, Қудайыңыз
Жаратқан Ийениң уллы ҳәм айбатлы атынан қорқпасаңыз,
59 Ол
сизлерди ҳәм урпағыңызды қорқынышлы, уллы ҳәм үзликсиз
апатларға, және де, аўыр ҳәм даўасыз кеселликлерге дуўшар қылады.
60 Сизлерди қорқынышқа
салған Мысырдағы барлық кеселликлерди сизлерге және жибереди
ҳәм олардан ҳеш қашан шыпа таба алмайсыз.
61 Сизлер жоқ болып
кетпегениңизше, Жаратқан Ийе
усы Нызам китабында жазылмаған ҳәр түрли аўырыўлар менен
апатларды басыңызға дөндиреди.
62 Сизлер аспандағы жулдызлар
сыяқлы көп едиңиз, бирақ Қудайыңыз Жаратқан Ийеге қулақ салмағаныңыз ушын, саныңыз азайып
қалады.
63 Жаратқан Ийе сизлерге
жақсылық қылып, көбейткенинен
қаншелли сүйсинген болса, сизлерди қулатып, жоқ еткенде де, соншелли сүйсинеди. Мүлик етип алыў
ушын баратырған елден сизлерди
суўырып, ылақтырып жибереди.

64 Жаратқан Ийе сизлерди дүньяның арғы шетинен берги шетине
дейин, барлық халықлардың арасына тарқатып жибереди. Ол жерде өзлериңиз де, ата-бабаларыңыз
да танымаған ағаштан ҳәм тастан
исленген басқа қудайларға табынасыз.
65 Бирақ сол халықлардың арасында тынышлығыңыз
да, дем алатуғын бир жериңиз де
болмайды. Ол жерде Жаратқан
Ийе сизлерге титиреген жүреклер,
үмитсизлик ҳәм үмитсиз көзлер
береди.
66 Өмириңиз қыл үстинде
турғандай болып, күни-түни өлимнен қорқып жасайсыз.
67 Түнде жүрегиңизди бийлеп алған қорқыныш
себепли „Қәнекей, азан болғанда ма
еди!“ дейсиз, ал азанда өз көзиңиз
бенен көретуғын ўақыялар себепли „Қәнекей, кеш болғанда ма еди!“
дейсиз.
68 Жаратқан Ийе сизлерге
Мысырға қайтып бармайсыз, деп
айтқан болса да, Ол сизлерди кемелер менен Мысырға қайтадан
жибереди. Ол жерде сизлер өзлериңизди душпанларыңызға қул
ҳәм шоры қылып сатыўға ҳәрекет
етесиз, бирақ сизлерди сатып алатуғын қарыйдар болмайды».

## Моаб елиндеги дүзилген келисимниң шәртлери

29
1 Жаратқан Ийе израиллылар менен Хореб таўында
дүзген келисиминен тысқары, Моабта израиллылар менен келисим
дүзиўди Муўсаға буйырды. Бул келисим төмендегиден ибарат:

2 Муўса пүткил Израил халқын
бир жерге жыйнап, оларға былай
деди: «Жаратқан Ийениң Мысырда көз алдыңызда фараонға, оның
барлық хызметкерлери менен халқына не ислегенлерин көрдиңиз.
3 Оның жиберген уллы апатларын, белгилерин ҳәм қүдиретли
кәраматларын өз көзиңиз бенен

көрдиңиз. 4 Деген менен, Жаратқан
Ийе усы күнге дейин сизлерге тү-
синетуғын жүрек, көретуғын көз
ҳәм еситетуғын қулақ бермеди.
5 Ол сизлерди қырық жыл шөлде
алып жүрди. Сонда сизлердиң үст
кийимиңиз де, аяқ кийимиңиз де
тозбады. 6 Жегениңиз нан емес,
ишкениңиз шарап ямаса басқа да
өткир ишимлик емес еди. Булар-
дың барлығын Оның Қудайыңыз
Жаратқан Ийе екенин түсиниўи-
ңиз ушын қылды.

7 Усы жерге келгенимизде, Хеш-
бон патшасы Сихон менен Башан
патшасы Ог бизлерге қарсы урыс
ашты. Бирақ оларды жеңилиске
ушыраттық. 8 Олардың жерлерин
ийелеп, Рубен, Гад урыўларына
ҳәм Менашше урыўының ярымы-
на мүлик етип бердик. 9 Енди ҳәр
бир исиңизде табыслы болыўыңыз
ушын, усы келисим шәртлерин му-
қыятлы түрде орынлаңлар.

10-11 Бүгин ҳәммеңиз – урыў бас-
шыларыңыз, ақсақалларыңыз,
қадағалаўшыларыңыз, пүткил
Израил еркеклери, балаларыңыз,
ҳаялларыңыз ҳәм араңызда жасап
атырған отыныңызды шабатуғын
ҳәм суўыңызды тасыйтуғын кел-
гиндилер Қудайыңыз Жаратқан
Ийениң алдында турыпсыз. 12 Бү-
гин Қудайыңыз Жаратқан Ийениң
сизлер менен дүзетуғын келиси-
миниң күшке миниўи ушын, оны
ант ишип тастыйықлаў ушын усы
жерде турыпсыз. 13 Солай етип,
Ол ата-бабаларыңыз Ибрайым-
ға, Ысаққа ҳәм Яқыпқа ант ишип,
сизлерге ўәде бергениндей, бүгин-
нен баслап, Ол сизлерди Өз халқы
етип белгилесин ҳәм сизлердиң
Қудайыңыз болсын. 14-15 Мине,
Жаратқан Ийе ант пенен дүзету-
ғын келисимин усы жерде бизлер
менен бирге Оның алдында турған
тек ғана сизлер менен емес, ал еле
дүньяға келмеген әўладларыңыз
бенен де дүзип атыр.

16 Мысырда қалай жасағаны-
мызды, басқа халықлардың жер-
леринен қалай өтип келгенимизди
өзлериңиз де билесиз. 17 Олардың
ағаштан, тастан, гүмистен ҳәм ал-
тыннан исленген жеркенишли
бутларын көрдиңиз. 18 Абайлы бо-
лыңлар, сизлердиң араңызда сол
халықлардың қудайларына табы-
ныў ушын, Қудайымыз Жаратқан
Ийеден жүз буратуғын еркек ямаса
ҳаял, тийре ямаса урыў болмасын.
Араңызда бундай зәҳәр ҳәм ашшы
мийўе беретуғын тамыр болмасын.
19 Араңызда ҳеш бир адам усы кели-
симдеги нәлетлерди еситип турып,
кеўлинде: „Өз қәлеўим бойынша
жасасам да, бахытлы боламан“, –
деп ойламасын. Бундай пикир ҳәм-
меңиздиң басыңызға апат алып
келеди. 20 Жаратқан Ийе бундай
адамды кеширмейди. Жаратқан
Ийениң ғәзеби ҳәм қызғанышы ол
адамға қарсы лаўлап жанады. Усы
китапта жазылған барлық нәлетлер
оның басына жаўып, Жаратқан Ийе
оның атын жер жүзинен өширип
таслайды. 21 Усы Нызам китабын-
да жазылған келисимдеги барлық
нәлетлер бойынша, Жаратқан Ийе
оны Израил урыўларының арасы-
нан жазалаў ушын айырып алады.

22 Келешек әўладлар, балала-
рыңыз ҳәм узақ елден келген жат
жерли адамлар Жаратқан Ийениң
усы елге жиберген апатларын ҳәм

кеселликлерди көреди. 23 Пүткил
елди отлы күкирт ҳәм дуз күйди-
рип таслайды. Жерге ҳеш нәрсе
егип те болмайды, ҳеш нәрсе өсип
те шықпайды, ҳеш қандай шөп те
көгермейди. Елиңиз Жаратқан
Ийениң лаўлаған ғәзебинен жер
менен жексен болған Содом, Гомо-
ра, Адма ҳәм Себойым сыяқлы бо-
лып қалады. 24 Пүткил халықлар:
„Жаратқан Ийе бул елге не ушын
бундай қылды? Бундай ғәзептиң
төгилиўиниң себеби неде екен?“ –
дейди. 25 Сонда оларға мынадай
жуўап болады: „Бул халық ата-
бабаларының Қудайы Жаратқан
Ийениң келисиминен бас тартты.
Жаратқан Ийе оларды Мысырдан
алып шыққанда, олар менен усы
келисимди дүзген еди. 26 Олар өз-
лери танымаған, Жаратқан Ийе өз-
лерине үлес қылып бермеген басқа
қудайларға хызмет етип, табынып
кетти. 27 Сол себепли Жаратқан
Ийениң ғәзеби қайнап, усы китапта
жазылған барлық нәлетлерди усы
елге жаўдырды. 28 Ол қатты ашыў-
ланып, күшли ғәзеби менен олар-
ды өз елинен суўырып алып, бүгин
көрип турғаныңыздай, басқа елге
ылақтырып жиберди. Олар бүгин-
ге дейин сол еллерде жасап атыр“.

29 Жасырын қылмыслар Қудайы-
мыз Жаратқан Ийеге тийисли. Би-
рақ ашылған қылмысларды усы
нызамның шәртлери бойынша жа-
залаў мәңгиге бизлерге ҳәм урпақ-
ларымызға тапсырылған».

### Қайта тиклениўдиң ҳәм жарылқаўдың шәртлери

**30** 1 «Мен сизлерге айтқан
усы барлық жарылқаўлар
ямаса нәлетлер басыңызға түскенде,
Қудайыңыз Жаратқан Ийе сизлерди
тарқатып жиберген халықлардың
арасында усыларды есиңизге түси-
ресиз. 2 Сол ўақытта бүгин сизлерге
буйырғанымдай, сизлер ҳәм урпақ-
ларыңыз Қудайыңыз Жаратқан
Ийеге қайтып, шын жүрегиңиз ҳәм
жан-тәниңиз бенен Оған қулақ сал-
саңыз, 3 Қудайыңыз Жаратқан Ийе
сизлерге реҳим қылып, бурынғы
абаданшылығыңызды тиклейди.
Сизлерди арасына тарқатып жи-
берген халықлардың ишинен қай-
тадан жыйнап алады. 4 Дүньяның
басқа шетине сүргин болсаңыз да,
Қудайыңыз Жаратқан Ийе сизлер-
ди жыйнап, қайтарып алып келеди.
5 Сизлерди ата-бабаларыңыздың
мүлик етип алған елине алып келе-
ди. Сол жерди мүлик етип алғаны-
ңызда, Қудайыңыз Жаратқан Ийе
сизлерге жақсылық алып келеди
ҳәм сизлерди ата-бабаларыңыздан
да гөре көбейтеди. 6 Сизлердиң ҳәм
урпақларыңыздың жүреклерин өз-
гертеди. Сонда Оны шын жүреги-
ңиз ҳәм жан-тәниңиз бенен сүйип,
өмирге ийе боласыз. 7 Қудайыңыз
Жаратқан Ийе барлық нәлетлер-
ди сизлерди жек көрип, қуўдалаған
душпанларыңыздың үстине жаўды-
рады. 8 Сизлер Жаратқан Ийениң
сөзине және қулақ салып, бүгин мен
сизлерге берип атырған буйрық-
лардың ҳәммесине әмел қыласыз.
9 Қудайыңыз Жаратқан Ийе сиз-
лерди қол урған ҳәр бир исиңизде
табыслы қылады. Сизлер үбирли-
шүбирли боласыз, малларыңыз кө-
бейеди ҳәм жерлериңиздиң өними
мол болады. Жаратқан Ийениң
ата-бабаларыңыздан қаншелли

кеўли толған болса, сизлерден де
соншелли кеўли толады ҳәм сиз-
лерди табысқа ерисиреди. [10] Би-
рақ Қудайыңыз Жаратқан Ийеге
қулақ салың, усы Нызам китабын-
да жазылған Оның буйрықларына,
қағыйдаларына әмел қылып, шын
жүрегиңиз ҳәм жан-тәниңиз бенен
Жаратқан Ийеге қайтың.
[11] Бүгин мен сизлерге берип
атырған буйрық сизлер ушын қы-
йын емес ямаса сизлер жетип бара
алмайтуғындай узақта емес. [12] Сиз-
лер: „Бизлер буйрықты тыңлап,
оны орынлаўымыз ушын, ким ас-
панға шығып, оны алып келеди?“ –
деп айтатуғындай, ол аспанда емес.
[13] Сизлер: „Бизлер буйрықты тың-
лап, оны орынлаўымыз ушын, ким
теңиздиң арғы жағына барып, оны
алып келеди?“ – деп айтатуғындай,
ол теңиздиң арғы жағында да емес.
[14] Керисинше, Қудайдың сөзи сиз-
лерге жүдә жақын, орынлаўыңыз
ушын, ол сизлердиң аўзыңызда ҳәм
жүрегиңизде.
[15] Мине, бүгин мен сизлердиң ал-
дыңызға өмир менен ийгиликти,
өлим менен жаўызлықты қойып
атырман. [16] Бүгин мен сизлерге
Қудайыңыз Жаратқан Ийени сү-
йиўди, Оның жолы менен жүриў-
ди, буйрықларына, қағыйдаларына
ҳәм нызамларына әмел қылыўды
буйыраман. Сонда сизлер аман жа-
сайсыз, көбейесиз ҳәм мүлик етиў
ушын баратырған елде Қудайы-
ңыз Жаратқан Ийе сизлерди жа-
рылқайды.
[17] Бирақ, егер де сизлер жүреги-
ңизди басқа жаққа бурып, буларға
қулақ салмай, жолдан азғырылса-
ңыз ҳәм басқа қудайларға табынып,
хызмет етсеңиз, [18] онда сизлер-
ге сөзсиз жоқ болатуғыныңызды
билдиремен. Иордан дәрьясынан
өтип, мүлик етип алатуғын елде
көп жасамайсыз.
[19] Бүгин мен сизлерге өмир ямаса
өлимди, жарылқаў ямаса нәлетти
таңлаў мүмкиншилигин бердим.
Буған аспан менен жерди сизлер-
ге қарсы гүўа етип қояман. Өмирди
таңлаң, сонда сизлер де, балала-
рыңыз да жасайсыз. [20] Қудайы-
ңыз Жаратқан Ийени сүйиң, Оның
сөзине қулақ салып, Оған садық
болың. Өйткени Ол сизлердиң өми-
риңиздур. Жаратқан Ийе ата-ба-
баларыңыз Ибрайым, Ысақ ҳәм
Яқыпқа беремен, деп ант ишкен
елде сизлердиң өмириңиз узақ бо-
лады».

### Ешуаның Муўсаның орнына тайынланыўы

*(Сан 27:15-23)*

**31** [1] Муўса пүткил Израил хал-
қына жоқарыдағы сөзлер-
ди айтып болғаннан кейин, [2] былай
деди: «Ҳәзир мен бир жүз жигир-
ма жастаман. Буннан былай, мен
сизлерге басшылық ете алмайман.
Оннан қала берсе, Жаратқан Ийе
маған: „Иордан дәрьясының арғы
жағына өтпейсең“, – деп айтқан
еди. [3] Сизлер Қудайыңыз Жаратқан
Ийениң басшылығында Иордан-
ның арғы жағына өтесиз. Ол сол
жерде жасайтуғын халықларды
жоқ қылады. Сизлер олардың ел-
лерин мүлик етип, ийелеп аласыз.
Жаратқан Ийениң сөзи бойынша
Ешуа сизлерге басшылық қыла-
ды. [4] Жаратқан Ийе амор халқы-
ның патшалары Сихон менен Огты

өлтирип, олардың елин жоқ қыл-
ғанындай, сол халықларды да жоқ
қылады. 5 Жаратқан Ийе оларды
сизлерге тәслим қылады. Олар-
ға мен сизлерге буйырғанымдай
ислеңлер. 6 Күшли ҳәм батыр бо-
лыңлар! Олардан қорқып, сескенип
жүрмеңлер. Өйткени Қудайыңыз
Жаратқан Ийе сизлер менен бирге
барады. Ол сизлерди тәрк етпейди
ҳәм таслап кетпейди».

7 Соннан кейин, Муўса Ешуаны
шақырып алып, пүткил израиллы-
лардың алдында оған былай деди:
«Күшли ҳәм батыр бол! Себеби сен
Жаратқан Ийе ата-бабаларыңыз-
ға беремен деп ант ишкен елге бул
халық пенен бирге барасаң ҳәм ел-
ди мүлик етип, оларға сен бересең.
8 Жаратқан Ийениң Өзи сениң ал-
дыңда жүрип, саған яр болады. Ол
сени тәрк етпейди ҳәм таслап кет-
пейди. Қорқпа ҳәм қәўетерленбе».

## Ҳәр жети жылда нызамның оқылыўы

9 Муўса усы нызамды жазып,
Жаратқан Ийениң Келисим сан-
дығын алып жүрген лебийли руў-
ханийлерге ҳәм Израил халқының
барлық ақсақалларына берди. 10 Ке-
йин Муўса оларға былай деп бу-
йырды: «Ҳәр жетинши жылдың,
қарызлар кешип жиберилету-
ғын жылдың ақырында, Қос бай-
рамында усы нызамды оқыңлар.
11 Қудайыңыз Жаратқан Ийениң
таңлаған жеринде, Оның алдында
жыйналған пүткил Израил халқына
усы нызамды оқып бериңлер. 12 Бар-
лық еркеклерди, ҳаялларды, бала-
ларды ҳәм қалаларыңызда жасап
атырған келгиндилерди жыйнаң.
Солай етип, олардың ҳәр бири оны
еситип, үйренип алсын ҳәм Қудайы-
ңыз Жаратқан Ийеден қорқсын. Усы
нызамның барлық сөзлерин муқы-
ятлы түрде орынласын. 13 Нызам-
ды билмейтуғын урпақларыңыз да
еситсин. Солай етип, сизлер мүлик
ететуғын Иордан дәрьясының арғы
жағындағы елде, олар өмири даўа-
мында Қудайыңыз Жаратқан Ийе-
ден қорқыўды үйренсин».

## Жаратқан Ийениң Муўсаға берген ең соңғы буйрығы

14 Жаратқан Ийе Муўсаға: «Сениң
өлимиң жақынлап қалды, Ешуаны
шақыр ҳәм екеўиңиз де Ушырасыў
шатырына келиң. Мен оған орын-
лайтуғын ўазыйпаларын тапсыра-
ман», – деди. Муўса менен Ешуа
Ушырасыў шатырына барып тур-
ды. 15 Кейин Жаратқан Ийе мина-
ра сыяқлы булт ишинде көринди.
Булт шатырдың кирер аўзының
алдында турды. 16 Жаратқан Ийе
Муўсаға былай деди: «Жақында
өлип, ата-бабаларыңа қосыласаң.
Ал бул халық өзлери киретуғын
елде Маған опасызлық қылады,
сол елдиң қудайларына ерип, хыз-
мет етип кетеди. Олар Меннен бас
тартып, олар менен дүзген келиси-
мимди бузады. 17 Сонда Мен олар-
ға ғәзепленип, таслап кетемен ҳәм
олардан жүзимди жасыраман. Олар
басқаларға аңсат олжа болып қа-
лады. Басларына сансыз қайғылар
ҳәм апатлар келген күни, олар: „Усы
қайғылардың басымызға түсиўи
Қудайымыз бизлер менен бирге
болмағаны ушын емес пе?“ – дей-
ди. 18 Басқа қудайларға ерип, қыл-
ған жаўызлықлары ушын, сол күни

Мен сөзсиз олардан жүзимди жа-
сыраман.
19 Енди өзлериңиз ушын мына
жырды жазып алың, оны израиллы-
ларға үйретиң ҳәм олар ядлап алсын.
Солай етип, бул жыр израиллылар-
ға қарсы Мениң гүўалығым болсын.
20 Мен ата-бабаларына ант ишкеним-
дей, оларды сүт ҳәм пал ағып турған
жерге алып киремен. Олар ишип-жеп
тойынып, семиреди де, басқа қудай-
ларға ереди ҳәм оларға хызмет етип
кетеди. Олар Мени көзге илмей бас
тартып, келисимимди бузады. 21 Ал
басларына сансыз қайғы ҳәм апатлар
түскенде, бул жыр оларға қарсы гү-
ўалық болады. Себеби олардың әў-
ладлары бул жырды умытпайтуғын
болады. Мен беремен деп ант ишкен
елге оларды алып келмесимнен ал-
дын, олардың қандай нийетлери бар
екенин билемен». 22 Сол күни Муўса
усы жырды жазып алып, израиллы-
ларға үйретти.
23 Жаратқан Ийе Нун улы Ешуа-
ға мынадай буйрық берди: «Күшли
ҳәм батыр бол! Сен Израил халқын
Мен оларға беремен деп ант ишкен
елге алып барасаң. Мен сениң ме-
нен бирге боламан».
24 Муўса нызамның барлық сөзле-
рин ақырына дейин орама китапқа
жазып болғаннан кейин, 25 Жаратқан
Ийениң Келисим сандығын алып
жүрген лебийлилерге мына буйрық-
ты берди: 26 «Мына Нызам китабын
алып, Қудайыңыз Жаратқан Ийе-
ниң Келисим сандығының жанына
қойың. Бул ол жерде сизлерге қар-
сы гүўалық болып турсын. 27 Себе-
би мен сизлердиң қозғалаңшы ҳәм
қайсар екениңизди жақсы билемен.
Бүгин мен сизлердиң араңызда тири
болғанымның өзинде Жаратқан
Ийеге қарсы шығып атырсыз, ал
өлгенимнен кейин, буннан да бетер
боласыз. 28 Енди урыўларыңыздың
барлық ақсақалларын ҳәм қадағалаў-
шыларын маған шақырып келиңлер.
Оларға усы сөзлерди айтайын. Аспан
ҳәм жер оларға қарсы гүўа болсын.
29 Мениң өлимимнен соң, сизлер-
диң азғырылыўға түсетуғыныңызды,
сизлерге буйырған жолдан шығып
кететуғыныңызды билемен. Ўақыт-
тың өтиўи менен бахытсызлыққа
дуўшар боласыз. Өйткени сизлер
Жаратқан Ийениң нәзеринде жаўыз
болған ислерди ислеп, Оның ғәзебин
келтиресиз».

### Муўсаның жыры

30 Соннан кейин, Муўса пүткил
Израил жәмийетине мына жырды
ақырына дейин айтып берди:

**32** 1 «Ҳәй, аспан, қулақ сал,
мен айтайын,
Ҳәй, жер жүзи аўзымнан
шыққан сөзлерди тыңла!
2 Тәлимим жаўындай жаўсын,
Сөзлерим шық яңлы түссин,
Майса шөплерге түскен жаўын
тамшысындай,
От-шөплерге қуятуғын мол
жаўындай болсын.
3 Жаратқан Ийениң атын
жәриялайман,
Мақтаңлар Қудайымыздың
уллылығын!
4 Ол мениң қорғаўшы
жартасымдур, Оның ислери
минсиздур,
Барлық жоллары әдилдур.
Наҳақлық қылмайтуғын садық
Қудайдур.

Ол әдил ҳәм ҳақыйқатдур.
5 Бирақ бул бузық ҳәм турақсыз
әўлад,
Оған садық қалмады.
Соның ушын, Оның балалары
емесдур.
Бул олардың шерменделигидур.
6 Жаратқан Ийениң жақсылығын
усылай қайтарасыз ба,
Ҳәй, ақмақ ҳәм ақылсыз халық?
Ол сизлерди жаратып, пишим
берген,
Әкеңиз болған Жаратыўшыңыз
емес пе?!

7 Әййемги заманды еслең,
Өткен урпақларды ойлаң,
Әкеңизден сораң, ол сизлерге
айтып берер,
Ғаррылар сизлерге баянлап
берер.
8 Қудай Таала халықларға үлес
жерлерин берип,
Адамзатты миллетлерге бөлип
тарқатқанда,
Халықлардың шегаралары,
Иләҳий барлықлардың*
санына қарай белгиленди.
9 Ал Жаратқан Ийениң үлеси Өз
халқыдур,
Яқып урпағы Оның пайына
түскен мүлкидур.

10 Жаратқан Ийе Израилды шөлден,
Ызғырған қула дүзден таўып
алды,
Оны орап алып, ғамхорлық
қылды,
Көзиниң қарашығындай етип
қорғады.
11 Ининдегилерин оятып атырған,
Өз палапанларын дөгереклеп
айланған,
Қанатларын жайып,
палапанларын көтерген,
Қанатлары үстинде оларды
алып жүрген бүркиттей,
12 Жаратқан Ийе жалғыз Өзи
Израилды алып жүрди,
Жат қудайдың ҳеш қандай
жәрдемисиз.

13 Израилды жердиң таўлы
үлкесине отырғызды,
Атыздың өними менен
тойдырды.
Оны жартастан аққан пал менен,
Таслы жерден шыққан зәйтүн
майы менен тәмийинледи.
14 Сыйырлардың қатығы,
ешкилердиң сүти менен,
Семиз қозылар, Башанның
ең жақсы қошқар ҳәм
текелери менен,
Ең сапалы бийдай менен оны
тәмийинледи.
Жүзимнен исленген қызыл
қандай шарабынан ишкизди.

15 Ешурун[a] семирди де, өжетленип
тепкиленди,
Қарны тойды ҳәм май байлап,
жылтырап кетти,
Өзин жаратқан Қудайды таслап
кетип,
Қутқарыўшы Жартасын
менсинбеди.
16 Басқа қудайларға табынып,
Қудайдың қызғанышын
оятты,

---

a **32:15** *Ешурун* – Израил халқына берилген басқа атама болып, «Әдил» деген мәнисти береди.

Жеркенишли бутлары менен
Оны ғәзепке миндирди.
17 Олар қудай болмаған жинлерге,
Өзлери танымаған басқа
қудайларға,
Ата-бабалары қорқпаған,
кейин пайда болған,
Таза қудайларға қурбанлық
берди.
18 Сени туўған Жартасты еслемедиң,
Сени дүньяға келтирген
Қудайды умытып кеттиң.

19 Жаратқан Ийе буларды көрип,
олардан жүз бурды,
Өйткени Өз ул-қызлары Оның
ғәзебине тийди.
20 Ол былай деди: „Бул халықтан
жүзимди жасыраман,
Олардың ақыбети не
болатуғынын көремен.
Себеби олар турақсыз нәсил,
опасыз балалардур.
21 Олар қудай болмаған бутлары
менен,
Мениң қызғанышымды оятты,
Жарамсыз бутлары менен
Мениң ғәзебиме тийди.
Мен де халық болмаған бир
халық пенен,
Олардың қызғанышын оятаман.
Ақылсыз бир халық пенен,
олардың ғәзебине тийемен.
22 Себеби сизлерге қарсы ғәзебим
оттай лаўлап,
Өлилер мәканының түпкирине
дейин жанып кетти,
Ол жер жүзин ҳәм оның
өнимлерин күйдирип жоқ
етеди,
Таўлардың негизги
тырнақларын жандырып
жибереди.
23 Олардың басына апат
жаўдыраман,
Оқларымды оларға қарсы
толық жумсайман.
24 Ашлық олардың диңкесин
қуртады,
Ысытпа кеселлиги жанып
күйдиреди,
Оба олардың жанын алады.
Жыртқыш ҳайўанларды
жиберемен оларға қарсы,
Жер баўырлаўшылар зәҳәрин
шашады.
25 Көшелерде жигит ҳәм қызларды
қылыш өлтиреди,
Үйлеринде қорқыныш бийлик
қылады,
Емизиўли бала да, ақ шашлы
ғаррылар да аман қалмайды.
26 Оларды тас-талқан етер едим,
Адамлардың арасынан олардың
атларын өширип таслар
едим.
27 Бирақ душпанлар мақтанып
жүрмесин,
Олар надурыс түсинбесин, дедим.
Булардың барлығын ислеген
Жаратқан Ийе емес,
Бизлер өзлеримиз жеңиске
еристик, – деп ойламасын
дедим“.

28 Израил ақылын жойтқан
халықдур,
Оларда ҳеш қандай сезим жоқдур.
29 Қәнекей, оларда ақыл болғанда,
түсинер еди,
Ақыбети не болатуғынын
билер еди!
30 Қорғаўшы Жартасы оларды
сатпағанда,
Жаратқан Ийе Өз халқын
жаўға тәслим етпегенде,

Душпанның бир адамы мың
израиллыны қуўа алар ма
еди?
Еки адамы он мың адамды
қуўғын қыла алар ма еди?
31 Ҳәттеки, мойынлайды
душпанларымыз,
Жартасымыздың
уқсамайтуғынын олардың
жартасына.
32 Олардың жүзим шақалары
Содом шақасынан,
Бағлары Гомора бағларынандур.
Жүзим мийўелери зәҳәрге толы,
Ашшыдур жүзим солқымлары.
33 Шараплары жыланның зәҳәри,
Кобраның өлтиретуғын уўыдур.

34 Жаратқан Ийе былай дейди:
„Израил душпанларының
жаўызлықларын дизип
қойдым,
Оларды жазалаў ушын,
ғәзийнеме мөрлеп қойдым.
35 Өш алыў Мениң қолымда,
сазайын Өзим беремен,
Ўақты келгенде, олардың
аяқлары таяды,
Жақындур олардың қулайтуғын
күни,
Жаза күни жүдә жақын қалды“.

36 Жаратқан Ийе Өз халқының
ҳуқықын қорғайды,
Олардың күши ҳәлсизленип,
Елде қул ҳәм еркли
адамлардың аман
қалмағанын көргенде,
Оларға жаны ашыйды.
37 Сонда Жаратқан Ийе Өз
халқына былай дейди:
„Исенген қудайларыңыз қай
жерде?
Сизлердиң пана тапқан
жартасыңыз қәне?
38 Қурбанлықларыңыздың майын
жеген,
Ишимлик садақаларыңызды
ишкен,
Қаяқта сол бир
қудайларыңыз?
Енди олар келип, сизлерге
жәрдем берсин!
Сизлерди солар қорғасын!

39 Билип қойыңлар, жалғыз Мен
Қудайман,
Меннен басқа қудай жоқдур!
Өлтиретуғын да, тирилтетуғын
да Мен,
Жарақатлайтуғын да, шыпа
беретуғын да Мен боламан.
Ҳеш ким Мениң қолымнан
қутқара алмас.
40 Қолымды аспанға көтеремен,
Мәңги тирилигим ҳақы ант
ишемен:
41 Мен жалтылдаған қылышымды
қайрайман,
Әдиллик орнатыў ушын, оны
қолыма аламан,
Солай етип, душпанларымнан
өш аламан,
Мени жек көргенлерди
жазалайман.
42 Оқларымды қан менен мәс
етемен,
Қылышымды ет пенен
тойдыраман.
Өликлер ҳәм тутқынлардың
қаны ағады,
Душпан басшыларының
баслары кесиледи“.

43 Ҳәй, халықлар, Оның халқын
қутлықлаңлар,

Өйткени Ол қулларының
қанының қунын талап
қылар.
Душпанларынан өш алып,
Өз халқының жерин пәклер».

[44] Муўса Нун улы Ешуа менен
бирге келип, усы жырды халыққа
айтып берди.
[45] Муўса усы сөзлердиң хәмме-
син пүткил Израил халқына ай-
тып болғаннан кейин, [46] оларға
былай деди:
– Бүгин мен сизлерге жеткерген
усы сөзлердиң хәммесин жүре-
гиңизде сақлаң. Усы нызамның
барлық сөзлерин муқыятлы түр-
де орынлаң, деп балаларыңызға
буйырың. [47] Булар бос сөзлер емес,
ал сизлердиң өмириңиздур. Иор-
дан дәрьясынан өтип, мүлик етету-
ғын елде усы сөзлердиң саясында
сизлердиң өмириңиз узақ болады.

### Муўсаның Небо таўына шақырылыўы

[48] Жаратқан Ийе сол күни Муў-
саға былай деди:
[49] – Ерихоның қарсысындағы
Моаб елиндеги Абарим таўлары-
ның бири болған Небо таўына шық.
Сол жерден Мен Израил халқына
мүлик етип берип атырған Қанан
жерине қара. [50] Әжағаң Харон Ҳор
таўында өлип, ата-бабаларына қо-
сылғаны сыяқлы, сен де усы таўға
шығып, өлесең хәм ата-бабалары-
ңа қосыласаң. [51] Себеби екеўиңиз
де Зин шөлинде, Қадештеги Ме-
риба суўларында израиллылар-
дың алдында Маған опасызлық
қылып, мухаддеслигимди тән ал-
мадыңыз. [52] Соның ушын, сен Мен
Израил халқына берип атырған
жерди тек узақтан көресең, бирақ
оған кирмейсең.

### Муўсаның Израил урыўларына пәтия бериўи

**33** [1] Қудайдың адамы Муўса
өлиминен алдын израил-
лыларға ақ пәтиясын берип, [2] бы-
лай деди:

«Жаратқан Ийе Синай таўынан
келди,
Сеирден Өз халқына қуяштай
көтерилди,
Паран таўынан нур шашты.
Он мыңдай периште менен
бирге келди,
Оң қолында лаўлаған от бар еди.
[3] Аўа, Жаратқан Ийе Өз халқын
сүйеди,
Өзине бағышланған барлық
адамларды қорғайды.
Олар Жаратқан Ийениң
аяқларына бас урады,
Ҳәм Оның сөзлерин
қабыллайды.
[4] Муўсаның бизлерге берген
нызамы,
Яқып жәмийетиниң баҳалы
мүлки болды.
[5] Израилдың урыўлары хәм
басшылары бир жерге
жыйналғанда,
Жаратқан Ийе Ешурунның
патшасы болды».

[6] Муўса Рубен урыўы хаққында
былай деди:
«Рубен урыўы жасасын,
өлмесин,
Халқының саны аз болса да,
аман болсын».

7 Муўса Яҳуда урыўы ҳаққында мыналарды айтты:
«Яҳуданың пәриядын есит,
Жаратқан Ийе,
Оны басқа урыўлар менен
бирлестир.
Ол өз қоллары менен өзин
қорғап атыр,
Душпанларына қарсы оған
жәрдемши бол».

8 Ол Лебий урыўы ҳаққында былай деди:
«О, Жаратқан Ийе, Сениң Урим
ҳәм Туммимиң[a]
Садық қулың Лебий ушындур.
Массада оны сынап көрдиң,
Мериба суўларында оның
менен тартыстың.
9 Ол ата-анасынан, аға-инисинен,
Өз балаларынан гөре, Сени
жоқары қойды.
Сениң буйрықларыңды
орынлады,
Келисимиңе садық қалды.
10 Сениң қағыйдаларыңды
Яқыптың урпақларына,
Нызамларыңды Израилға
үйретеди.
Сениң алдыңда түтетки
түтетип,
Қурбанлық орнында толығы
менен жандырылатуғын
қурбанлықлар усынады.
11 Оның байлығын жарылқа,
Жаратқан Ийе,
Қол урған ислеринен кеўлиң
толсын.
Оған қарсы шыққанлардың
Душпанларының белин сындыр,
Жаўлары қайтып аяққа тура
алмасын!»

12 Муўса Бенямин урыўы ҳаққында былай деди:
«Жаратқан Ийениң сүйиклиси,
Оның жанында қәўип-
қәтерсиз жасасын,
Жаратқан Ийе ҳәмме ўақытта
оны қорғайды,
Ол да Жаратқан Ийениң
қушағында тынышлық
табады».

13 Юсуп ушын былай деди:
«Жаратқан Ийе оның жерине
берсин берекет,
Аспаннан түсетуғын баҳалы
шық пенен,
Жер асты булақ суўлары менен.
14 Жеринде қуяшқа тойған сапалы
өним өссин,
Өз мәўсиминде миййелер мол
болсын.
15 Әййемнен киятырған таўлардың
ең жақсы сыйлары менен,
Мәңги төбешиклердиң
молшылығы менен,
16 Жердиң ең жақсы өними ҳәм ҳәр
бир нәрсеси менен,
Пута ишинде Көрингенниң[b]
мийрими менен
берекетленсин.
Юсуп урпағынан болған
адамларға,
Туўысқанларының арасында
басшы болған Юсупке усы
берекет жаўсын.

---

a **33:8** *Урим ҳәм Туммим* – бул Қудайдың еркин билиў ушын арналған таслар болып, оларды шек таслаў жолы менен қолланған болыўы мүмкин.
b **33:16** Шығ 3:1-6.

17 Биринши туўылған буға
сыяқлы қүдиретлидур ол,
Шақлары жабайы буғаның
шақлары яңлы.
Оның бир шақы Эфрайымның
он мың адамы,
Екинши шақы Менашшениң
мыңлағаны.
Юсуп усы шақлары менен
халықларды сүзеди,
Жер жүзиндеги халықларды
қуўады».

18 Ол Зебулон ҳәм Иссахар уры-
ўы ҳаққында былай деди:
«Ҳәй, Зебулон жолға шыққаныңда
қуўанышқа бөлен,
Иссахар, сен шатырларыңда
шадлан!
19 Олар басқа халықларды таўға
шақырады,
Ол жерде мақул болатуғын
қурбанлықларды шалады.
Олар теңизлердиң молшылығы
менен,
Теңиз жағасының байлығы
менен азықланар».

20 Муўса Гад урыўы ҳаққында
былай деди:
«Гадтың жерин кеңейткен
Қудайға алғыс айтың!
Гад арыслан сыяқлы өз жеринде
жасайды,
Олжасының қол ҳәм басларын
бөлеклеп таслайды.
21 Ол өзи ушын жердиң жақсысын
таңлады,
Басшының үлеси оған берилди.
Халықтың басшылары
жыйналғанда,
Ол орынлады Израил халқы
менен бирге,
Жаратқан Ийениң әдил еркин
ҳәм Оның ҳүкимлерин».

22 Муўса Дан урыўы ҳаққында
былай деди:
«Дан жас арысланға мегзер,
Ол Башаннан секирип шығар».

23 Нафталий урыўы ҳаққында
былай деди:
«Ҳәй, Жаратқан Ийениң оң
жағына шыққан,
Оның жарылқаўына толып
турған Нафталий!
Сен батыс пенен қубланы
мүлик етип аласаң».

24 Ол Ашер ҳаққында былай деди:
«Басқа урыўлардың
ишинде Ашер ең көп
жарылқанғаныдур,
Туўысқанларының ишиндеги
ең сүйиклиси болсын.
Оның жери зәйтүн ағашына
бай болсын.
25 Дәрўазаңның тәмбилери темир
ҳәм қоладан болып,
Өмириң бойы қәўипсиз жаса».

26 «Ҳәй, Ешурун, Қудайымызға
мегзес ҳеш ким жоқдур,
Ол саған жәрдем бериў ушын
аспаннан,
Бултлар үстинде келер
салтанаты менен.
27 Әзелден бар болған Қудай
сениң панаңдур,
Сени Ол Өзиниң мәңгилик
қолларында алып жүрер.
Душпанларыңды алдыңнан
қуўып шығарып,
Саған: „Оларды қырып тасла!“ –
деп айтады.

28 Солай етип, Израил қәўип-
қәтерсиз жасайды,
Яқыптың мәканы аман болады,
Дән ҳәм шарап елинде мол
болады,
Аспаннан оның жерине шық
түседи.
29 Израил, сен қандай бахытлысаң!
Саған мегзейтуғын бар ма өзи?
Сен Жаратқан Ийе қутқарған
халықсаң.
Жаратқан Ийе сени
қорғайтуғын қалқандур,
Жеңис беретуғын сениң
қылышындур.
Душпанларың сеннен айбынады,
Сен олардың арқасын басып,
езесең».

### Муўсаның өлими

34 1 Соннан кейин, Муўса ой-
патлықтың Моабқа ти-
йисли бөлегинен Ерихо қаласына
қарсы жайласқан Небо таўына,
Писга таўының төбесине шықты.
Жаратқан Ийе оған пүткил елди
көрсетти: арқадағы Дан қаласына
дейин созылған Гилад жерин, 2 пүт-
кил Нафталий жерлерин, Эфрайым
ҳәм Менашше жерлерин, батыс-
тағы теңизге дейин созылған пүт-
кил Яҳуда жерлерин, 3 қубладағы
Негебти ҳәм тегисликти. Бул Соар
қаласына дейин созылған Пальма
қаласы деп аталған Ерихо тегисли-
ги. 4 Кейин Жаратқан Ийе Муўсаға:
«Ибрайымға, Ысаққа ҳәм Яқыпқа:
„Сениң урпағыңа беремен“ деп ант
ишкен ел усы болады. Мине, усы
елди көзлериң менен көриўге мүм-
киншилик бердим, бирақ сен ол
жерге кирмейсең», – деди.
5 Солай етип, Жаратқан Ийениң
айтқанындай, Оның қулы Муўса
сол Моаб елинде қайтыс болды.
6 Жаратқан Ийе оны Бейт-Пеорға
қарама-қарсы жайласқан Моаб-
тағы ойпатлыққа көмди. Муўса-
ның қәбири қай жерде екенлигин
бүгинге дейин ҳеш ким билмейди.
7 Муўса қайтыс болғанда, бир жүз
жигирма жаста еди. Деген менен,
оның көзи де ҳәлсизленбеген, күш-
ғайраты да қайтпаған еди. 8 Из-
раиллылар ойпатлықтың Моабқа
тийисли бөлегинде Муўсаны жоқ-
лап отыз күн аза тутты.
Кейин Муўса ушын азалаў күн-
лери тамам болды. 9 Нун улы Ешуа
даналық руўхы менен толған еди.
Өйткени Муўса өлиминен алдын
оған қолларын қойып, оны жолбас-
шы етип тайынлаған еди. Израил-
лылар оған қулақ салып, Жаратқан
Ийениң Муўса арқалы берген буй-
рықларына әмел қылды.
10 Израилда сол күннен бүгинге
дейин, Муўсаға уқсаған пайғамбар
болмады. Себеби Жаратқан Ийе
Муўса менен жүзбе-жүз көрисип,
сөйлесетуғын еди. 11 Жаратқан Ийе
оны Мысырда фараонға, оның хыз-
меткерлерине ҳәм пүткил Мысыр
халқына Өз кәрамат ҳәм белгиле-
рин көрсетиў ушын жиберген еди.
12 Муўса пүткил Израил халқының
көз алдында қудиретли, уллы ҳәм
қорқынышлы ислер ислеген еди.

# Ешуа китабы

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Ешуа китабында Израил халқының тарийхы сөз етилип, онда Таўраттағы ўақыялар даўам етеди. Израил халқы Қудайдың Ибрайымға ўәде еткен жерине, яғный Қанан жерине кирип, оны ийелеп баслайды. Бул китапта тек ғана тарийхый дәлиллер емес, ал Қудайдың Өз халқы менен болған жанлы мүнәсибети, ўәделерине садықлығы, бийопа халқына көрсеткен мийирманшылығы сөз етиледи.

Китаптың бас қаҳарманы Нун улы Ешуа болады. Муўсаның өлиминен соң Ешуа Израил халқының жолбасшысы етип тайынланған еди. Ешуа деген ат «Жаратқан Ийе қутқарады» деген мәнини билдиреди. Китаптың усы ат пенен аталыўы да қурыдан-қуры емес, себеби Қудайдың Өзи халқын душпанларынан қутқарып, сансыз саўашларда оларға жеңис бағышлайды. Жеңис әскерий күш ҳәм ақыл арқалы емес, ал Қудайға болған исеним ҳәм Оның сөзине бойсыныў арқалы болғанын Израил халқы өз тәжирийбесинен билип алады.

Китаптың басында Ешуа Израил халқын Қанан жерине алып киргени ҳәм оның көп жерлерин ийелеп алғаны ҳаққында сөз етиледи (1–12 баплар). Китаптың бул бөлиминде көп кәраматлар туўрысында айтылады. Мысалы, Ерихо қаласына қарсы саўашта Қудайдың қүдирети менен қала дийўаллары қулайды, Гибон қаласына қарсы саўашта Қудай аспаннан ири тас буршақ жаўдырып, душпан әскерлерин езеди ҳәм қуяшты бир орында тоқтатып таслайды.

Китаптың даўамында Қанан жерлери Израил урыўларына бөлистирип берилиўи ҳаққында сөз етиледи (13–25 баплар). Израил халқының Рубен, Гад урыўлары ҳәм Менашше урыўының ярымы Иордан дәрьясының шығысындағы жерлерге орналасып алған еди. Ешуа Иордан дәрьясының батысындағы жерлерди қалған тоғыз урыў ҳәм Менашше урыўының екинши ярымына бөлистирип береди. Лебий урыўы Қудайдың хызметинде болғаны ушын, оларға басқа урыўлар қатары жерден үлес берилмейди. Жерден үлес бериўдиң орнына, Ешуа лебийлилерге барлық ел бойлап жасаўы ушын қала ҳәм аўылларды ажыратып береди. Арадан бираз жыллар өткеннен соң, өмириниң соңғы демлеринде Ешуа халықты Қудайға садық болыўға, жалғыз Оған сыйыныўға және шақырады.

## Жаратқан Ийениң Ешуаға берген буйрығы

1 [1] Жаратқан Ийе Өз қулы Мууса-
ның өлиминен соң, оның жәрдем-
шиси Нун улы Ешуаға былай деди:
[2] – Мениң қулым Мууса өлди. Қә-
некей, енди сен пүткил халық пе-
нен бирге Иордан дәрьясын кесип
өтип, Мен сизлерге, яғный Израил
халқына беретуғын елге кириңлер.
[3] Муусаға айтқанымдай, аяғыңыз
тийген барлық жерлерди сизлерге
беремен. [4] Сизлердиң жер шегара-
ңыз қубладағы шөлден арқадағы
Лебанонға дейин, шығыстағы ул-
лы Евфрат дәрьясынан пүткил хет-
лердиң ели арқалы батыстағы Жер
Орта теңизине дейин созылған бо-
лады. [5] Өмириң бойы ҳеш ким саған
қарсы тура алмайды. Мууса менен
бирге болғаным сыяқлы, Мен се-
ниң менен де бирге боламан. Се-
ни ҳеш қашан қалдырмайман ҳәм
таслап кетпеймен.
[6] Күшли ҳәм мәрт бол. Себеби
Мен ата-бабаларына беремен деп
ант ишкен жерди бул халық ийе-
леўи ушын, сол жерди оларға сен
алып бересең. [7] Тек күшли ҳәм жү-
дә мәрт болып, қулым Муусаның
саған буйырған пүткил Нызамын
муқыятлы түрде орынла. Қай жер-
ге барсаң да, табысқа ийе болы-
ўың ушын, бул Нызамнан узақлама
ҳәм оннан я оңға, я солға аўып кет-
пе. [8] Нызам китабында жазылған
сөзлерди аўзыңнан түсирме. Онда
жазылғанлардың барлығын то-
лық орынлаў ушын, ол ҳаққын-
да күни-түни ой жуўыртып жүр.
Сонда сен табысқа ийе болып, мақ-
сетиңеерисесең. [9] Саған күшли ҳәм
мәрт бол демеген бе едим? Қорқпа
ҳәм руўхыңды түсирме. Өйткени
Қудайың Жаратқан Ийе сен бара-
туғын ҳәр бир жерде сениң менен
бирге болады.

## Ешуаның халыққа берген буйрығы

[10] Солай етип, Ешуа халық қа-
дағалаўшыларына былай деп бу-
йырды:
[11] – Орданы аралап шығып, ха-
лыққа мына буйрықты бериңлер:
«Өзлериңизге азық-аўқат таярлаң-
лар. Себеби Қудайыңыз Жаратқан
Ийениң сизлерге беретуғын же-
рине кирип, оны меншик етип
ийелеўиңиз ушын, үш күннен соң,
Иордан дәрьясын кесип өтесизлер».
[12] Ал Ешуа Рубен ҳәм Гад урыў-
лары менен Менашше урыўының
ярымына былай деди:
[13] – Жаратқан Ийениң қулы Муў-
саның: «Қудайыңыз Жаратқан Ийе
бул жерди сизлерге берип, сизлерди
тынышлыққа еристиреди», – деген
сөзлерин еске түсириңлер. [14] Сиз-
лердиң ҳаялларыңыз, балалары-
ңыз ҳәм малларыңыз усы жерде,
яғный Иордан дәрьясының шығы-
сында, Муўсаның сизлерге берген
жеринде қалсын. Бирақ сизлер, яғ-
ный пүткил жаўынгерлер қуралла-
нып, туўысқанларыңыздан алдын
дәрьяны кесип өтиңлер ҳәм оларға
жәрдем бериңлер. [15] Жаратқан Ийе
сизлерди тынышлыққа еристирге-
ни сыяқлы, оларды да тынышлық-
қа еристиреди. Олар Қудайыңыз
Жаратқан Ийениң беретуғын же-
рин мүлик етип алғаннан соң, сиз-
лер де мүлик етип алған жериңизге,
Жаратқан Ийениң қулы Муўсаның

Иордан дәрьясының шығысында-
ғы сизлерге берген жерине қайтып,
усы жерге орналасыңлар.
16 Олар Ешуаға былай деп жу-
ўап берди:
– Бизлерге буйырғанларыңның
ҳәммесин орынлаймыз. Қай жерге
жиберсең де, барамыз. 17 Ҳәр бир
нәрседе Муўсаның сөзине бойсын-
ғанымыз сыяқлы, сениң сөзиңе де
бойсынамыз. Муўса менен бирге
болған Қудайың Жаратқан Ийе се-
ниң менен де бирге болсын. 18 Сө-
зиңе қарсы шыққан ҳәм қандай да
бир буйрығыңа бойсынбаған адам-
ға өлим жазасы бериледи. Тек сен
күшли ҳәм мәрт бол.

### Рахаб ҳәм жансызлар

**2** 1 Нун улы Ешуа Шиттимнен
жасырын түрде еки жансызды
жиберип атырып, оларға:
– Барып, Қанан жерин, әсиресе
Ерихоны көзден өткизиңлер, – де-
ди. Солай етип, жансызлар жолға
шығып, Рахаб деген бузық ҳаял-
дың үйине келди ҳәм сол жерде
қонып қалды.
2 Сонда Ерихо патшасына: «Ели-
мизди көзден өткизиў ушын, усы
түни Израил халқынан адамлар кел-
ди», – деген хабар жетти. 3 Сонлық-
тан Ерихо патшасы Рахабқа: «Сениң
үйиңе келген сол адамларды шыға-
рып бер. Себеби олар елимизди көз-
ден өткизиў ушын келген», – деген
хабар жоллады. 4 Ал еки адамды
жасырып қойған Рахаб:
– Сол адамлардың маған келге-
ни ырас. Бирақ мен олардың қай
жерли екенин билмеген едим. 5 Геў-
гим түспестен бурын, қала дәрўаза-
сы жабылайын деп атырғанда, олар
шығып кетти. Олардың қай жаққа
кеткенин билмеймен. Излеринен
дәрҳал кетсеңиз, жетип аласыз-
лар, – деди. 6 Негизинде ҳаял сол
адамларды тамның төбесине шыға-
рып, ол жерге жайып қойылған зы-
ғыр баўларының астына жасырған
еди. 7 Ал патшаның адамлары бол-
са, жансызларды Иордан дәрьясын
кесип өтетуғын жерге қарай қуўып
кетти. Олар қаладан шығыўдан-ақ,
қала дәрўазасы жабылды.
8 Тамның төбесиндеги адамлар
уйқыға жатпасынан алдын, ҳаял
олардың жанына барды да, 9 олар-
ға былай деди:
– Жаратқан Ийениң бул елди сиз-
лерге бергенин билемен. Бизлерди
сизлер себепли қорқыныш бийле-
ди. Елде жасайтуғын ҳәр бир адам-
ның руўхы түсип жүр. 10 Өйткени
сизлер Мысырдан шыққаныңыз-
да, Жаратқан Ийениң Қызыл те-
ңизди алдыңызда қалай қурғатып
таслағанын[a], Иордан дәрьясының
арғы жағындағы аморлардың еки
патшасы Сихон менен Огқа сиз-
лер нелер ислегениңизди, олар-
ды қалайынша пүткиллей қырып
таслағаныңызды[b] еситкен едик.
11 Буларды еситкенимизде, руў-
хымыз түсип кетти. Сизлерден
қорққанымыздан, ҳеш кимде ҳал-
дәрман қалмады. Себеби сизлердиң
Қудайыңыз Жаратқан Ийе – жоқа-
рыдағы аспанда да, төмендеги жер
жүзинде де Қудай. 12-13 Сизлерге

a **2:10** Шығ 14:10-31.
b **2:10** Сан 21:21-35; Нзм 2:24–3:11.

жақсылық еткеним сыяқлы, сиз-
лер де мениң үй-ишиме жақсылық
ететуғыныңызға Жаратқан Ийе ҳа-
қы ант ишиңлер. Ата-анамды, аға-
инилеримди, апа-сиңлилеримди
ҳәм олардың үй-ишлерин өлимнен
сақлап, ҳәммемизди аман қалды-
ратуғыныңызды билдиретуғын
исенимли бир белги бериңлер.
14 Адамлар оған:
– Егер бул исимизди әшкара қыл-
масаңыз, бизлер сизлер ушын
жанымызды бериўге таярмыз.
Жаратқан Ийе бул жерди бизлер-
ге бергенинде, саған жақсылық ис-
леп, садықлық көрсетемиз, – деди.
15 Үйи қала дийўалында жайлас-
қанлықтан, Рахаб адамларды арқан
менен әйнектен төменге түсирди
де, 16 оларға:
– Изиңизден қуўып кеткен адам-
лар сизлерге дус келип қалмаўы
ушын, таўға шығыңлар. Олар из-
лерине қайтып кеткенге дейин, үш
күн сол жерде жасырынып турың-
лар. Соңынан жолыңызды даўам
етерсизлер, – деди. 17 Сол адамлар
Рахабқа былай деди:
– Бизлер иштирген антында туры-
ўымыз ушын мына нәрсени исле-
ўиң шәрт: 18 Усы елге киргенимизде,
мына қырмызы арқанды бизлер-
ди түсирип жиберген әйнегиңе
байлап қой. Соңынан ата-анаң-
ды, туўысқанларыңды ҳәм әкең-
ниң пүткил хожалығын жаныңа,
өз үйиңе жыйна. 19 Сениң үйиңниң
қапысынан сыртқа шыққан адам
өз басы ушын өзи жуўап береди.
Бундай адам ушын бизлер жуўап-
кер емеспиз. Бирақ егер сениң ме-
нен бирге үйиңде болған бир адам
жәбир көрсе, оның өлимине бизлер
жуўапкер боламыз. 20 Деген ме-
нен, ислеримизди әшкара қылсаң,
онда бизлер сен иштирген анттан
азат боламыз.
21 Ҳаял оларға:
– Айтқаныңыздай болсын, – деди
ҳәм оларды жолға шығарып салған-
нан соң, қырмызы арқанды әйнек-
ке байлап қойды.
22 Адамлар ол жерден кетип, таў-
ға шықты ҳәм излеринен қуўған-
лар қайтып кеткенше, сол жерде үш
күн қалды. Олардың изинен қуў-
ғанлар барлық жерден оларды из-
лесе де, таба алмады. 23 Еки адам
изине қайтыў ушын таўдан түсти
де, дәрьяны кесип өтип, Нун улы
Ешуаның жанына барды ҳәм бас-
ларынан өткен ҳәмме нәрсени ай-
тып берди. 24 Олар Ешуаға:
– Жаратқан Ийе ҳақыйқаттан да
усы жердиң барлығын бизлердиң
қолымызға тапсырыпты. Ол жер-
де жасайтуғын ҳәр бир адам биз-
лерден қорқып, рууҳы түсип жүр
екен, – деди.

## Израиллылардың Иордан дәрьясынан өтиўи

3 1 Ешуа таң азаннан турды да,
пүткил Израил халқы менен
бирликте Шиттимнен жолға шы-
ғып, Иордан дәрьясына келди. Олар
дәрьяны кесип өтпей, сол жерде түн-
еди. 2 Үшинши күнниң соңында ор-
даны бастан-аяқ айланып шыққан
қадағалаўшылар 3 халыққа былай
деп буйырды:
– Лебийли рууханийлер Қудайы-
ңыз Жаратқан Ийениң Келисим
сандығын көтерип баратырғанын
көргениңизде, сизлер де орныңыз-
дан қозғалып, сандықтың изине

ериңлер. [4] Солай етип, сизлер қайсы
тәрепке баратуғыныңызды билип
аласызлар. Себеби сизлер алдын
бул жолдан ҳеш қашан жүрип көр-
мегенсизлер. Бирақ Келисим сан-
дығына жақынласпаңлар. Сандық
пенен сизлердиң араңызда еки мың
шығанақ қашықлық болсын.
[5] Ешуа халыққа:
– Өзлериңизди пәклеңлер. Өйт-
кени Жаратқан Ийе ертең араңыз-
да әжайып servers ислер ислейди, – деди.
[6] Ал руўханийлерге:
– Келисим сандығын көтерип, ха-
лықтың алдында жүриңлер, – деди.
Солай етип, руўханийлер сандық-
ты көтерип, халықтың алдында
жүрип кетти.
[7] Сол арада Жаратқан Ийе Ешуа-
ға былай деди:
– Мен Муўса менен бирге болға-
ным сыяқлы, сениң менен де бирге
екенимди олар түсиниўи ушын, бү-
гиннен баслап сени пүткил Израил
халқының көз алдында мәртебели
қыламан. [8] Сен Келисим сандығын
көтерген руўханийлерге: «Иордан
дәрьясының жағасына барғаны-
ңызда, суўға аяқ басып, тоқтап ту-
рыңлар», – деп буйрық бер.
[9] Ешуа Израил халқына:
– Жақынырақ келип, Қудайыңыз
Жаратқан Ийениң сөзлерин тың-
лаңлар, – деп болып, сөзин былай
даўам етти:
[10] – Тири Қудайдың араңызда
екенин, Оның қанан, хет, хиў, периз,
гиргаш, амор ҳәм ебус халықларын
алдыңыздан сөзсиз қуўып жибе-
ретуғынын мынадан билип ала-
сызлар: [11] мине, пүткил жер жүзи
Ийесиниң Келисим сандығы сиз-
лерден алдын Иордан дәрьясынан
өтеди. [12] Енди өзлериңизге ҳәр бир
урыўдан бир адамнан, яғный Из-
раил урыўларынан он еки адам-
ды сайлап алыңлар. [13] Пүткил жер
жүзиниң Ийеси болған Жаратқан
Ийениң сандығын көтерген руў-
ханийлер Иордан дәрьясына аяқ
басқанда, жоқарыдан аққан суў-
лар тоқтап, бир жерге топланады.
[14] Халық Иордан дәрьясынан өтиў
ушын түнеген жеринен жолға шық-
ты. Келисим сандығын көтерген руў-
ханийлер алдында жүрип баратыр
еди. [15] Иордан дәрьясы жыйын-те-
рим ўақтында тасып, кәнарынан шы-
ғып кететуғын еди. Сонда сандықты
көтерген руўханийлер дәрьяның жа-
ғасына барып, суўға аяқларын тий-
гизиўден-ақ, [16] жоқарыдан аққан
суўлар тоқтап, жүдә узақларда, Саре-
танға жақын болған Адам қаласын-
да топланып, жоқарылай баслады.
Ал Иордан тегислигиндеги теңизге,
яғный Өли теңизге аққан дәрьяның
қалған суўлары болса, пүткиллей
тоқтап қалды. Халық дәрьяны Ери-
хоның қарсы алдынан кесип өтти.
[17] Пүткил халық дәрьядан өтип бол-
ғанша, Жаратқан Ийениң Келисим
сандығын көтерген руўханийлер
дәрьяның қурғап қалған ултаны-
ның ортасында қозғалмай турды.
Солай етип, пүткил Израил халқы
дәрьяның қурғап қалған ултаны ар-
қалы өтти.

## Естелик таслардың орнатылыўы

4 [1] Пүткил халық Иордан дәрья-
сынан өтип болғаннан соң,
Жаратқан Ийе Ешуаға былай деди:
[2] – Халық ишинен он еки адамды,
яғный ҳәр урыўдан бир адамнан

сайлап алың да, 3 оларға былай деп
буйырыңлар: «Бул жерден, Иор-
дан дәрьясының ортасынан, анық
руўханийлердиң аяқлары турған
жерден он еки тас алыңлар. Бул
тасларды өзлериңиз бенен бирге
алып, түнейтуғын жериңизге апа-
рып қойыңлар».
4 Солай етип, Ешуа Израилдың
ҳәр бир урыўынан өзи сайлап ал-
ған он еки адамды шақырып алып,
5 оларға былай деп буйырды:
– Дәрьяның ортасына, Қудайы-
ңыз Жаратқан Ийениң сандығы-
ның алды бетине барып, Израил
халқының урыў санына қарай ҳәр
бириңиз ийниңизге бир тастан кө-
терип алыңлар. 6 Олар сизлер ушын
белги болады. Балаларыңыз ке-
лешекте: «Бул таслар нени аңла-
тады?» – деп сорағанда, 7 оларға:
«Иордан дәрьясының суўлары
Жаратқан Ийениң Келисим сан-
дығының алдында ақпай қалды.
Келисим сандығы дәрьядан өтип
атырғанда, ағып турған суўлар тоқ-
тап қалды. Бул таслар Израил хал-
қы ушын сол ўақыядан мәңгиге
естелик болады», – дейсизлер.
8 Израиллылар Ешуаның буй-
рығын орынлады. Жаратқан
Ийениң Ешуаға айтқанындай, Из-
раил урыўларының санына қарай
Иордан дәрьясының ортасынан
алынған он еки тасты олар өзле-
ри түнеген жерге алып келип, сол
жерге қойды. 9 Ешуа Иордан дәрья-
сының ортасына, Келисим санды-
ғын көтерген руўханийлер турған
жерге басқа он еки тас орнатты.
Бул таслар бүгин де сол жерде тур.
10 Солай етип, Жаратқан Ийениң
халыққа жеткизиў ушын Ешуаға
буйырған ҳәр бир нәрсеси орынла-
ныўға дейин, сандықты көтерген
руўханийлер Иордан дәрьясының
ортасында турды. Ҳәр бир нәрсе
Муўсаның Ешуаға буйырғанындай
етип исленди. Халық дәрьядан асы-
ғыслық пенен өтти. 11 Пүткил халық
дәрьядан өткеннен кейин, Жаратқан
Ийениң сандығын көтерген руў-
ханийлер де халықтың көз алдын-
да дәрьядан өтти. 12 Рубен ҳәм Гад
урыўлары менен Менашше урыўы-
ның ярымы Муўсаның өзлерине
буйырғаны сыяқлы қурал асынып,
Израил халқының алдында дәрья-
дан кесип өтти. 13 Усы тәризде қырық
мыңға шамалас қураллы адамлар
урысыў ушын Жаратқан Ийениң
алдында Ерихо тегислигине өтти.
14 Жаратқан Ийе сол күни Ешуа-
ны пүткил Израил халқының көз
алдында мәртебели қылды. Муўса-
ға өмири бойы қандай ҳүрмет көр-
сетилген болса, Ешуаға да сондай
ҳүрмет көрсетиле баслады.
15 Жаратқан Ийе Ешуаға:
16 – Келисим сандығын көтерген
руўханийлерге Иордан дәрьясынан
шығыўды буйыр, – деди.
17 Ешуа руўханийлерге:
– Иордан дәрьясынан шығың-
лар, – деп буйырды. 18 Жаратқан
Ийениң Келисим сандығын көтер-
ген руўханийлер Иордан дәрьясы-
ның ортасынан шығып, жағаға аяқ
басыўдан-ақ, дәрьяның суўлары
бурынғыдай жийеклеринен тасып
аға баслады.
19 Халық биринши айдың онын-
шы күни Иордан дәрьясынан өтип,
Гилгалға, Ерихоның шығыс шега-
расына орналасты. 20 Ешуа Иордан-
нан алынған он еки тасты Гилгалға

орнатты. 21 Соңынан ол Израил
халқына былай деди:
– Келешекте сизлердиң урпақлары-
ңыз өз әкелеринен: «Бул таслар нени
аңлатады?» – деп сораса, 22 оларға
Израил халқының Иордан дәрья-
сының қурғап қалған ултаны арқа-
лы өткенин айтың. 23 Қудайыңыз
Жаратқан Ийе Қызыл теңизди биз-
лер өтип боламан дегенше, қалай
қурғатып таслаған болса, Иордан
дәрьясын да сизлер өтип боламан
дегенше, солай қурғатып таслағанын
түсиндириң. 24 Ол буларды жер жү-
зиндеги барлық халықлар Жаратқан
Ийениң қаншелли қүдиретли екенин
билиўи ушын ҳәм сизлер де бәрқулла
Қудайыңыз Жаратқан Ийеден қор-
қыўыңыз ушын иследи.

**5** 1 Жаратқан Ийениң Иордан
дәрьясының суўларын изра-
иллылардың алдында, олар өтип
боламан дегенше, қалай қурғатып
таслағанын Иорданның батыс тәре-
пиндеги амор патшалары ҳәм Жер
Орта теңизи жағасындағы қанан пат-
шалары еситкенде, руўхлары түсти.
Израиллылардан қорққанынан, ҳеш
кимде ҳал-дәрман қалмады.

### Гилгалдағы сүннет етилиў

2 Сол ўақытта Жаратқан Ийе Еш-
уаға:
– Тастан пышақлар ислеп, изра-
иллыларды бурынғыдай сүннет
ет, – деди.
3 Солай етип, Ешуа тастан пы-
шақлар ислеп, израиллыларды
Аралот[a] төбешигинде сүннет етти.
4 Буны ислегениниң себеби мы-
наў еди: Мысырдан шыққанлардың
ҳәммеси, урысқа жарамлы бол-
ған барлық ер адамлар Мысырдан
шыққаннан соң, шөлде жүрген-
де өлип кеткен еди. 5 Мысырдан
шыққан барлық ер адамлар сүн-
нет етилген еди. Бирақ Мысырдан
шыққаннан кейин шөлде жүрген
ўақытта туўылған ер адамлардың
ҳеш бири сүннет етилмеген еди.
6 Мысырдан шыққанда урысқа
жарамлы болғанлардың ҳәммеси
өлип болғанша, израиллылар шөл-
де қырық жыл гезип жүрди. Себе-
би олар Жаратқан Ийениң сөзин
тыңламаған еди. Жаратқан Ийе
оларға: «Мен ата-бабаларыңызға
ўәде етип, сизлерге беремен деген
сүт ҳәм пал ағып турған жерди сиз-
лер көрмейсизлер», – деп ант иш-
кен еди. 7 Жаратқан Ийе олардың
орнына балаларына өмир берди.
Сүннет етилмеген бул балаларды
Ешуа сүннет етти. Өйткени олар
жолда сүннет етилмеген еди. 8 Бар-
лық ер адамлар сүннет етилгеннен
соң, тәўир болғанша, ордадағы өз
орынларында қалды.
9 Сонда Жаратқан Ийе Ешуаға:
– Мысырда сизлерде болған мас-
қарашылықты бүгин алып тасла-
дым, – деди. Сонлықтан сол жер
бүгин де Гилгал[b] деп аталады.
10 Гилгалда Ерихо тегислигине
орда қурған Израил халқы айдың
он төртинши күни кеште Қутқары-
лыў байрамын байрамлады. 11 Бир
күн даўам еткен байрамнан соң,
олар елдиң зүрәәтинен ашытқысыз

---

a **5:3** *Аралот* – «сүннетлеў» дегенди билдиреди.
b **5:9** *Гилгал* – «алып таслаў», «домалатып таслаў» дегенди билдиреди.

нан ҳәм қуўырмаш жеди. 12 Олар
сол елдиң зүрәәтинен жей баслады
ҳәм ертеңине маннаның[a] жаўыўы
пүткиллей тоқтады. Израиллылар
сол жылы Қанан елиниң зүрәәти
менен азықланды.

### Ерихо қаласының қулаўы

13 Ешуа Ерихо қаласына жақын
жерде болғанда, басын көтерип
қарап, алдында қылыш услап тур-
ған бир адамды көрди. Ешуа оған
жақынласып:
– Сен бизлер тәрептиң адамымы-
саң ямаса душпан тәрептиң бе? –
деп сорады.
14 Сол адам оған:
– Ҳеш тәрептиң де емес. Мен
Жаратқан Ийениң әскерлериниң
сәркәрдасыман. Мине, мен кел-
дим, – деди.
Сол ўақытта Ешуа ет бетинен
жерге жығылып, оған табынды да:
– Мырзам, қулыңызға айтатуғын
қандай сөзиңиз бар? – деп сорады.
15 Жаратқан Ийениң әскерлери-
ниң сәркәрдасы Ешуаға:
– Аяқ кийимиңди шеш. Өйткени
сен турған жер – мухаддес, – де-
ди. Ешуа айтылғанды орынлады.
16 Израиллылар себепли, Ерихо
қаласының дәрўазалары тас қылып
жабылған еди. Ол арқалы ҳеш ким
кирмеди де, шықпады да.

# 6

1 Сонда Жаратқан Ийе Ешуаға
былай деди:
– Мен Ерихо қаласын, оның пат-
шасын ҳәм жаўынгерлерин саған
тәслим қыламан. 2 Сен пүткил әс-
керлериң менен бирге алты күн
даўамында қала дөгерегин күнине
бир мәртебе айланып шығыўың ке-
рек. 3 Кәрнай көтерген жети руўха-
ний сандықтың алдында жүрсин.
Жетинши күни қаланың дөгере-
гин жети мәртебе айланыңлар ҳәм
сонда руўханийлер кәрнайларын
шертсин. 4 Руўханийлердиң кәр-
найларды узақ созып шерткенин
еситкениңизде, пүткил халық бә-
лент даўыс пенен бақырсын. Сонда
қаланың дийўаллары қулап түседи
ҳәм ҳәр бир адам турған жеринен
туўры қалаға киреди.
5 Нун улы Ешуа руўханийлерди
шақырып алып, оларға:
– Келисим сандығын көтериңлер.
Жети руўханий қолларына кәрнай-
ларды алып, Жаратқан Ийениң
сандығының алдында жүрсин, –
деди. 6 Соңынан халыққа:
– Алға жүриңлер, қаланың дөгере-
гин айланыўды басланлар. Қураллы
адамлар Жаратқан Ийениң санды-
ғының алдында жүрсин, – деди.
7 Ешуа бул сөзлерди халыққа ай-
тып болғаннан соң, кәрнайларды
көтерген жети руўханий кәрнайлар-
ды шертип, Жаратқан Ийениң ал-
дында алға жүре баслады. Олардың
изинен Жаратқан Ийениң Келисим
сандығы алып жүрилди. 8 Қурал-
ланған адамлар кәрнай шерткен
руўханийлердиң алдында, ал арт-
та киятырғанлар сандықтың изи-
нен жүрип киятыр еди. Сол ўақытта
кәрнайлар да үзликсиз шертилип
турды. 9 Сонда Ешуа халыққа:
– Бақырмаңлар, сеслериңизди
шығармаңлар. Мен: «Бақырың-
лар», – демегенимше, аўзыңыздан

---

a **5:12** Шығ 16:31.

бирде бир сөз шықпасын. Буйры-
ғымды еситкен ўақтыңызда, бақы-
рыңлар, – деп буйырды.
10 Солай етип, олар Жаратқан
Ийениң сандығын көтерип, қа-
ла әтирапын бир мәртебе айлан-
ды. Кейин ордаға келип, сол жерде
түнеди.
11 Ертеңине азанда Ешуа ерте
турды ҳәм руўханийлер Жаратқан
Ийениң сандығын көтерди. 12 Кәр-
найларды көтерген жети руўханий
Жаратқан Ийениң сандығының ал-
дында кәрнайларды шертип жүрди.
Қуралланған адамлар олардың ал-
дында, ал артта киятырғанлар сан-
дықтың изинде жүрди. Сол ўақытта
кәрнайлар үзликсиз шертилип тур-
ды. 13 Солай етип, олар екинши күни
де қала әтирапын бир мәртебе ай-
ланып, ордаға қайтып келди. Олар
бул исти алты күн тәкирарлады.
14 Жетинши күни олар ерте, жаңа
таң атқанда турып, қала әтирапын
анық сол тәризде жети мәртебе ай-
ланып шықты. Олар тек сол күни
ғана қала әтирапын жети мәртебе
айланып шықты. 15 Руўханийлер
жетинши айланбада кәрнайларын
шерткенде, Ешуа халыққа былай
деди:
– Бақырыңлар! Жаратқан Ийе
қаланы сизлерге берди! 16 Қала
ҳәм оның ишиндеги ҳәр бир нәр-
се Жаратқан Ийеге бағышланып,
жоқ қылынсын. Тек бизлер жибер-
ген жансызларды жасырып қалған
бузық ҳаял Рахаб ҳәм оның үйин-
дегилер ғана аман қалады. 17 Абай-
лаңлар, бағышланған нәрселерге
қол тийгизбеңлер. Сол нәрселер-
ди бағышлап болып, кейин олар-
дан алсаңыз, сизлер Израилдың
ордасын қырғынға ушыратып, бә-
леге дуўшар қыласыз. 18 Пүткил
гүмис, алтын, мыс ҳәм темир нәр-
селер Жаратқан Ийеге бағышлан-
ған болып, олар Жаратқан Ийениң
қазнасына түседи.
19 Солай етип, руўханийлер
кәрнайларын шертти. Халық бул
даўысты еситиўден, қатты бақы-
рысты ҳәм дийўаллар қулап түс-
ти. Ҳәр бир адам турған жеринен
туўры қалаға кирди ҳәм оны қолға
киргизди. 20 Олар еркек ҳәм ҳаял-
ларды, жас ҳәм ғаррыларды, ири
ҳәм майда малларды, ешеклерди,
қаладағы ҳәмме тири жанды қы-
лыштан өткизип, қырып таслады.
21 Ешуа усы жерге жансыз болып
келген еки адамға:
– Сол бузық ҳаялдың үйине ба-
рыңлар. Ант ишкениңиздей, ҳаял-
ды ҳәм оның пүткил жақынларын
сыртқа алып шығыңлар, – деди.
22 Үйге кирген жас жансызлар
Рахабты, оның ата-анасын, аға-
инилерин, ағайинлерин ҳәм оның
үйиндеги ҳәмме адамларды алып
шығып, Израилдың ордасының
жанына әкелди. 23 Соңынан олар
қаланы ишиндегилери менен бир-
ликте жағып жиберди. Тек гүмис,
алтын, мыс ҳәм темир нәрселерди
Жаратқан Ийениң Үйиниң қазна-
сына салды. 24 Ешуа бузық ҳаял
Рахабты, оның әкесиниң үй-ишин
ҳәм жақынларын тири қалдырды.
Ешуаның Ерихоны көзден өткизип
келиў ушын жиберген жансызла-
рын жасырып қалған Рахаб бүгин
де израиллылардың арасында жа-
самақта.
25 Буннан соң, Ешуа былай деп
ғарғыс жәриялады:

– Бул қаланы, яғный Ерихо қа-
ласын қайтадан тиклеўге ҳәрекет
еткен адам Жаратқан Ийениң ғар-
ғысына ушырасын. Сол адам қа-
ланың тийкарын өзиниң туңғыш
улының үстине салады, ал қала
дәрўазасын генже улының үсти-
не қурады.
26 Жаратқан Ийе Ешуа менен бир-
ге еди ҳәм Ешуаның даңқы елдиң
ҳәмме жерине жайылды.

### Аханның гүнасы

7 1 Деген менен, израиллылар
бағышланған нәрселерге қыя-
нет иследи. Яҳуда урыўынан болған
Зерахтың шаўлығы, Забдийдиң ақ-
лығы, Кармийдиң улы Ахан бағыш-
ланған нәрселердиң айырымларын
алғанлықтан, Жаратқан Ийениң из-
раиллыларға қәҳәри келди.
2 Ешуа Ериходан Бейт-Элдиң шы-
ғысында, Бейт-Аўенге жақын жерде
жайласқан Ай қаласына адамларды
жиберип атырып, оларға:
– Барып, елди көзден өткизиң-
лер, – деди.
Адамлар барып, Ай қаласын көз-
ден өткизди. 3 Кейин олар Ешуаның
қасына қайтып келип, оған:
– Пүткил халықтың ол жерге ба-
рып, әўере болыўының ҳәжети жоқ.
Саны жағынан аз болған Ай қа-
ласының халқын жеңиўге еки-үш
мың адам жеткиликли, – деди.
4 Солай етип, үш мыңға жақын
израиллылар қалаға қарай жүрис
қылды. Бирақ олар Ай халқынан
қаша баслады. 5 Ай халқы изра-
иллыларды қала дәрўазасынан
Шебаримге дейин қуўып, олар-
ды төбешиктен түсерликте қырып
баслады ҳәм олардың шама менен
отыз алты адамын өлтирди. Бун-
нан қорққанынан израиллылар-
дың руўхлары түсип, жүреклери
суўлады.
6 Сонда Ешуа кийимлерин жыр-
тып, Израилдың ақсақаллары ме-
нен бирликте басларына топырақ
шашты ҳәм Жаратқан Ийениң
сандығының алдында ет бетинен
жерге жығылып, кешке дейин сол
аўҳалда жатты. 7 Соңынан Ешуа
былай деди:
– О, Қудай Ийе, Сен бизлерди
аморларға тәслим етип, жоқ қылыў
ушын Иордан дәрьясынан өткизген
бе един? Қәнекей, дәрьяның арғы
тәрепинде қалсақ еди! 8 О, Ийемиз,
Израил халқы душпанларынан
қашқаннан соң, мен не айта ала-
ман? 9 Қананлылар ҳәм усы жерде
жасайтуғын басқа халықлар буны
еситкенде, әтирапымызды қоршап
алып, атымызды жер жүзинен жоқ
қылады. Сонда Сен Өзиңниң уллы
атыңды сақлап қалыў ушын не ис-
лейжақсаң?
10 Жаратқан Ийе Ешуаға былай
деди:
– Орныңнан тур! Неге булай ет бе-
тиңнен жерге жығылып жатырсаң?
11 Израиллылар гүна ислеп, Мениң
оларға орынлаң деп буйырған кели-
симимди бузды. Олар бағышланған
нәрселердиң бир бөлегин урлады
ҳәм алдап, өз затларының арасына
жасырды. 12 Сол себепли, ендиги-
ден былай израиллылар душпан-
ларына қарсы тура алмайды, олар
артқа қайтып, душпанларының ал-
дына түсип қашады. Себеби олар
жоқ қылыныў жазасына тартылған.
Сизлер өзлериңиздеги бағышлан-
ған нәрселерди жоқ етпесеңиз, Мен

буннан былай сизлер менен бирге
болмайман. 13 Бар, сен халықты
пәкле ҳәм оларға былай де: «Ертең-
ги күн ушын өзлериңизди пәклең-
лер. Өйткени Израилдың Қудайы
Жаратқан Ийе: „Ҳәй, Израил, сиз-
лердиң араңызда бағышланған
нәрселер бар. Сол нәрселерди жоқ
етпегениңизше, душпанларыңызға
қарсы тура алмайсызлар“, – дейди.
14 Таң атқанда, сизлер урыў-урыў
болып дизилип, гезек пенен алды-
ға шығасызлар. Жаратқан Ийениң
көрсеткен урыўы тийре-тийре бо-
лып алдыға шығады. Соң Жаратқан
Ийе көрсеткен тийре хожалықлары
менен бирме-бир алдыға шығады.
Кейин Жаратқан Ийе көрсеткен
хожалықтың ер адамлары алдыға
шығады. 15 Бағышланған нәрсе-
лерди алды деп көрсетилген адам
өзине тийисли ҳәр бир нәрсе менен
бирге жағып жибериледи. Себеби
ол адам Жаратқан Ийениң келиси-
мин бузып, Израилда жеркенишли
гүна иследи».

16 Таң азаннан турған Ешуа Изра-
ил халқын урыў бойынша алдыға
шығарды. Сонда олардың ишинен
Яҳуда урыўы көрсетилди. 17 Яҳу-
да тийрелери алдыға шығарыл-
ғанда, Зерах тийреси көрсетилди.
Зерах тийреси хожалықлары ме-
нен алдыға шығарылғанда, Забдий
хожалығы көрсетилди. 18 Забдий
хожалығының ер адамлары алды-
ға шығарылғанда, Яҳуда урыўынан
Зерахтың шаўлығы, Забдийдиң ақ-
лығы, Кармийдиң улы Ахан көр-
сетилди.

19 Сонда Ешуа Аханға:

– Улым! Израилдың Қудайы
Жаратқан Ийениң ҳүрметин ор-
нына қой ҳәм Оның уллылығын
тән алып, ҳақыйқатын айт, не ис-
ледиң? Меннен жасырма, – деди.

20 Ахан Ешуаға былай деди:

– Дурыс, мен Израилдың Қудайы
Жаратқан Ийеге қарсы гүна исле-
дим. Мен мына исти қылған едим:
21 олжалардың ишинде Шынар-
дан әкелинген сулыў бир шапан,
еки жүз шекел[a] гүмис, елиў шекел
аўырлығында бир алтын қуйманы
көргенимде ҳәўесим келип, оларды
алдым. Гүмисти ең астына салып,
олардың ҳәммесин шатырымның
ишине, жерге жасырдым.

22 Ешуа жиберген адамлар дәр-
ҳал шатырға қарай жуўырып кетти.
Олар сол жерге көмилген затларды
тапты. Гүмис ең астына көмилген
екен. 23 Олар бул нәрселердиң ҳәм-
месин шатырдан алды да, Ешуаға
ҳәм Израил халқына әкелип берип,
Жаратқан Ийениң алдына қойды.

24 Ешуа ҳәм пүткил Израил хал-
қы Зерах улы Аханды, гүмисти,
алтын қуйманы, шапанды, Ахан-
ның ул-қызларын, ири ҳәм майда
малларын, ешеклерин, оның ша-
тырын ҳәм шатырының ишиндеги
барлық затларын Ахор ойпатлы-
ғына апарды.

25 Ешуа Аханға:

– Сен неге бизлерди бул бәлеге
жолықтырдың? Жаратқан Ийе бү-
гин өзиңди бәлеге жолықтыра-
ды, – деди.

Соңынан пүткил Израил халқы
Ахан менен оның хожалығында-
ғыларды тас боран қылып өлтирди

---

a **7:21** *Еки жүз шекел* – бир шекел шама менен 11 гр.

ҳәм оларды отқа жағып жибер-
ди. 26 Кейин олар Аханның үсти-
не үлкен тас үйиндисин үйди. Бул
үйинди бүгин де бар. Солай етип,
усы ўақыядан соң, Жаратқан Ийе-
ниң лаўлаған ғәзеби басылды. Сол
жердиң бүгинги күнге дейин Ахор[a]
ойпатлығы деп аталыўының мә-
ниси усы.

### Ай қаласының қыйралыўы

8 1 Жаратқан Ийе Ешуаға былай
деди:
– Қорқпа ҳәм қәўетерленбе. Бар-
лық әскерлерди жаныңа алып, Ай
қаласына жүрис қыл. Мине, Ай
патшасын, халқын, қаласын ҳәм
оның жерин саған тәслим қылдым.
2 Ерихо қаласына ҳәм оның патша-
сына не ислеген болсаң, Ай қала-
сына ҳәм оның патшасына да соны
исле. Бирақ ондағы мал ҳәм затлар-
ды олжа етип алыңлар. Қаланың
арт бетине бекинис жаса.
3 Солай етип, Ешуа барлық әскер-
лер менен бирликте Ай қаласына
жүрис қылыўға таярланды. Ол таң-
лаған отыз мың мәрт жаўынгерди
түнде жолға атландырып атырып,
4 оларға былай деп буйырды:
– Енди сизлер барып, қаланың
арт бетиндеги бекинисте жатың-
лар. Қаладан онша алыслап кет-
пеңлер. Ҳәммеңиз таяр болып
турыңлар. 5 Мен жанымдағы адам-
лар менен бирге қалаға жақынла-
саман. Душпан қаладан шығып,
әўелгидей бизлерге қарсы келгенде,
бизлер олардан қашқандай болып,
6 оларды қаладан узақластырған-
ша изимизден ертип барамыз. Олар
бизлерди бурынғыдай қашып ба-
ратыр деп ойлайды. Бизлер олар-
дан қашып баратырғанымызда,
7 сизлер бекинисте жатырған же-
риңизден шығып, қаланы қол-
ға киргизесизлер. Қудайыңыз
Жаратқан Ийе ол жерди сизлерге
тәслим етежақ. 8 Қаланы қолға кир-
гизгениңизден соң, оған от бериң-
лер. Жаратқан Ийениң буйрығы
бойынша ҳәрекет етиңлер. Мине-
кей, мениң сизлерге буйрығым усы.
9 Соңынан Ешуа оларды жолға ат-
ландырды. Адамлар кетип, Бейт-Эл
менен Ай қаласының арасындағы,
яғный Ай қаласының батыс тәре-
пиндеги бекинисте жатты. Ал Ешуа
болса, түнди қалған адамлар менен
бирге өткизди.
10 Ешуа таң азаннан турды да, әс-
керлерди көзден өткерип, оларды
сапқа турғызды. Кейин өзи ҳәм Из-
раилдың ақсақаллары әскерлердиң
алдына түсип, Ай қаласына қарай
жолға шықты. 11 Ешуа ҳәм оның
жанындағы барлық әскерлер қа-
лаға жүрис қылды. Олар жақын-
лап барып, қаланың арқа тәрепине
орда қурды. Олар менен қаланың
арасында бир ойпатлық бар еди.
12 Ешуа бес мыңға шамалас адамға
Бейт-Эл менен Ай қаласы арасына,
қаланың батыс тәрепине бекинис
қурғызды. 13 Соңынан арқада орда
қурғанлар да, батыста бекинисте
жатырғанлар да урыс майданына
түсиўге таяр турды. Ешуа сол тү-
ни ойпатлыққа келди.
14 Буны көргенде Ай патшасы
адамлары менен израиллылар-
ға қарсы урысыў ушын қаладан

---

a **7:26** *Ахор* – «бәле» дегенди билдиреди.

асығыс түрде шықты. Ешуа жо-
баластырғандай олар Иордан те-
гислигиниң жанындағы бир жерге
шықты. Деген менен, олар өзлери-
не қарсы қаланың артқы тәрепинде
бекинис жасалғанынан хабарсыз
еди. 15 Ешуа ҳәм оның жанындағы
израиллылар қала халқынан же-
ңилип атырғандай болып, шөлге
қарай қаша баслады. 16 Қаладағы
пүткил халық израиллылардың
изинен қуўыўға шақырылды. Олар
Ешуаны қуўа берип, қаладан узақ-
ласып кетти. 17 Израиллыларды
қуўыўға Ай қаласы менен Бейт-Эл-
ден бир адам қалмай шыққан еди.
Олар израиллыларды қуўыўға шы-
ғып баратырып, қаланы қорғаўсыз,
ашық қалдырған еди.

18 Сонда Жаратқан Ийе Ешуаға:
– Қолыңдағы семсерди Ай қала-
сына қарай соз. Мен сол жерди са-
ған тәслим етип атырман, – деди.

Ешуа қолындағы семсерди туўры
қалаға қарай созды. 19 Ол қолын со-
зыўдан-ақ, бекинисте жатырғанлар
орынларынан ушып турып, қалаға
кирди. Олар қаланы қолға кирги-
зип, оны дәрҳал жағып жиберди.

20 Ай қаласының турғынлары ар-
тына қарағанда, жанып атырған қа-
ланың түтини аспанға көтерилип
атырғанын көрди. Шөлге қарай
қашқан израиллылар артқа қай-
тып, оларға ҳүжим жасағанда, олар
тығыларға тесик таба алмай қалды.
21 Ешуа ҳәм оның жанындағы изра-
иллылар бекинисте жатырғанлар-
дың қаланы қолға киргизгенин ҳәм
қаладан түтин шығып атырғанын
көргенде изге қайтып, Ай халқы-
на қарсы ҳүжим жасады. 22 Қала-
ны қолға киргизгенлер де ҳүжимге
өткенде, қала халқы еки жақтан
келген израиллылардың ортасын-
да қалды. Израиллылар олардан
аман қалғанлардың да, қашқан-
лардың да бирде биреўин қалдыр-
май, ҳәммесин өлтирди. 23 Олар Ай
патшасын тирилей тутқынға алып,
Ешуаның алдына әкелди.

24 Ай қаласынан шығып, қыр да-
лада ҳәм шөлде өзлериниң изинен
қуўғанлардың ҳәммесин израил-
лылар қылыштан өткизгеннен соң,
қалаға қайтып келип, сол жерде
қалған адамларды да қылыштан
өткизди. 25 Сол күни пүткил Ай
қаласының халқы, ҳаял-еркеги
ҳәммеси болып он еки мың адам
өлтирилди. 26 Қала турғынлары-
ның ҳәммесин толық қырып бол-
ғанша, Ешуа семсер услаған қолын
төмен түсирмеди. 27 Израиллылар
Жаратқан Ийениң Ешуаға берген
буйрығына қулақ асып, тек қала-
дағы маллар менен затларды ғана
олжа етип алды. 28 Соңынан Ешуа
Ай қаласын жағып жиберип, оны
мәңги қарабақанаға айландырды.
Сол қала бүгин де солай турыпты.
29 Ешуа Ай қаласының патшасын
ағашқа илдирип қойып, оны кеш-
ке шекем сол жерде қалдырды ҳәм
қуяш батарда оның өли денесин
ағаштан түсиртип, қала дәрўаза-
сының кирер аўзына таслатты. Ал
оның өли денесиниң үстине таслар-
ды таслап, бир үйинди иследи. Бул
үйинди бүгин де бар.

### Мухаддес Нызамның халыққа оқылыўы

30 Буннан соң, Ешуа Эбал таўын-
да Израилдың Қудайы Жаратқан
Ийеге арнап қурбанлық орын

қурды. 31 Бул орын Жаратқан Ийениң қулы Муўсаның Израил халқына берген буйрығы бойынша, Муўсаның Нызам китабында жазылғанындай қылып қурылды. Яғный, темир тиймеген ҳәм жонылмаған таслардан қурылды. Ол жерде Жаратқан Ийеге арнап жандырылатуғын қурбанлықлар ҳәм татыўлық қурбанлықлары берилди. 32 Муўсаның Израил халқы алдында жазған Нызамының көширмесин Ешуа сол жердеги тасларға жазды. 33 Ал пүткил израиллылар болса, ақсақаллар, қадағалаўшылар, қазылар ҳәм келгинди адамлар менен бирге Жаратқан Ийениң Келисим сандығының еки тәрепинде сандықты көтерген лебийли руўханийлерге қарама-қарсы болып дизилди. Халықтың биринши ярымы Гериззим таўы тәрепинде, екинши ярымы Эбал таўы тәрепинде турған еди. Өйткени Жаратқан Ийениң қулы Муўса жарылқаў алыў ушын усы тәризде турыўды алдын буйырған еди. 34 Кейин Ешуа Нызам китабында жазылғанындай етип, жарылқаў ҳәм ғарғыс сөзлердиң барлығын оқыды. 35 Солай етип, Ешуа пүткил Израил жәмийетиниң, ҳаяллардың, балалардың ҳәм халықтың арасында болған келгинди адамлардың алдында Муўсаның буйрықларынан бирде бир сөз қалдырмай оқып берди.

### Гибонлылардың ҳийлеси

**9** 1 Иордан дәрьясының батыс тәрепинде, таўлы үлкеде, батыстағы таў етеклеринде ҳәм Лебанонға дейин созылған Жер Орта теңизи жағасында жасайтуғын барлық патшалар: хет, амор, қанан, периз, хиў ҳәм ебус патшалары болып өткен ўақыяларды еситкенде, 2 Ешуаға ҳәм Израил халқына қарсы урысыў ушын ҳәммеси бир жерге жыйналды.

3 Ал хиў халқынан болған Гибон қаласының турғынлары болса, Ешуаның Ерихо ҳәм Ай қалаларына ислеген ислерин еситкенде, 4 ҳийлле қолланбақшы болды. Олар өзлерин елши қылып көрсетип, ешеклерине ески қалталар, гөне, жыртық ҳәм жамаў-жамаў шарап меслерин жүкледи. 5 Аяқларына ески ҳәм жамалған аяқ кийимлер, үстилерине гөне-көкси кийимлер кийди. Олардың дорбаларындағы нанлар кеўип, қатып қалған еди. 6 Солай етип, сол адамлар Гилгалдағы ордаға, Ешуаның жанына келди. Олар Ешуаға ҳәм Израил халқына:

– Бизлер бир узақ елден келдик. Бизлер менен келисим дүзиўиңизди қәлер едик, – деди.

7 Бирақ израиллылар гибонлыларға:

– Сизлер менен неге келисим дүзиўимиз керек екен? Мүмкин, сизлер бизлерге жақын жерде жасайтуғын шығарсыз, – деди. 8 Олар Ешуаға:

– Бизлер сениң қулларыңбыз, – деди.

Ешуа олардан:

– Сизлер кимсиз? Қаяқтан киятырсыз? – деп сорады.

9 Олар Ешуаға былай деди:

– Қулларың болған бизлер бир узақ елден келдик. Себеби сениң Қудайың Жаратқан Ийениң даңқы туўралы еситкен едик. Бизлер Қудай ҳаққында ҳәмме нәрседен: Оның Мысырда ислеген ҳәр бир

исинен, 10 Иордан дәрьясының ар-
ғы жағындағы аморлардың еки
патшасына, яғный Хешбон патша-
сы Сихонға ҳәм Аштаротта ҳүким-
дарлық еткен Башан патшасы Огқа
нелер ислегенинен де хабарымыз
бар. 11 Сонлықтан ақсақалларымыз
ҳәм елимиздиң барлық халқы биз-
лерге былай деген еди: «Жаныңыз-
ға азық-аўқат алып, оларды қарсы
алыў ушын шығыңлар ҳәм оларға:
„Бизлер сизлердиң қулларыңызбыз.
Бизлер менен келисим дүзиўиңиз-
ди қәлеймиз“, – деңлер». 12 Биз-
лер сизлерге келиў ушын жолға
шыққан күнимизде, азық ушын
үйимизден алған бул нанларымыз
ыссы еди. Енди қараңлар, олар ке-
ўип, қатып қалған. 13 Шарап тол-
тырылған мына меслер де таза еди.
Мине, олардың қалай жыртылып
қалғанына қараңлар. Көп жол ба-
сып өткенимиз себепли, кийим-
кеншегимиз ҳәм аяқ кийимимиз
де тозып қалды.

14 Израиллылар Жаратқан Ийе
менен кеңеспестен, гибонлылар-
дың азықларынан алып, татып
көрди. 15 Ешуа оларды аман қалды-
ратуғынына сөз берип, олар менен
парахатшылық келисимин дүзди.
Жәмийет басшылары да келисим-
ге садық қалатуғынына ант ишти.
16 Деген менен, келисим дүзилге-
нинен кейин үш күн өткенде, олар
гибонлылардың жақын жерде, өз-
лериниң арасында жасайтуғынын
билди. 17 Өйткени израиллылар
жолға шығып, үш күннен кейин
олардың Гибон, Кефира, Беерот
ҳәм Кирят-Ярим деген қалалары-
на келген еди. 18 Бирақ израиллы-
лар оларға шабыўыл жасамады.
Себеби жәмийет басшылары Изра-
илдың Құдайы Жаратқан Ийениң
аты менен ант ишкен еди. Сонлық-
тан халық жәмийет басшыларына
наразы болып, тоңқылдай баслады.
19 Басшылар халыққа:

– Бизлер оларға Израилдың
Құдайы Жаратқан Ийе ҳақы ант
иштик. Сонлықтан оларға қол тий-
гизе алмаймыз. 20 Ант ишкенимиз
себепли, оларды аман қалдырамыз,
болмаса Құдайдың ғәзебине ушы-
раймыз, – деди. 21 Соңынан халық-
қа усыныс етип:

– Оларды аман қалдырайық, – деди.

Солай етип, басшылар берген сө-
зинде турды ҳәм гибонлылар пүт-
кил жәмийет ушын отын шаўып,
суў тасыйтуғын болды.

22 Кейин Ешуа гибонлыларды ша-
қырып алып, оларға былай деди:

– Жақын жерде жасай турып, не-
ге жүдә узақ жерден келдик деп,
бизлерди алдадыңыз? 23 Сол се-
бептен сизлер ғарғысқа ушырай-
сызлар. Енди мәңгиге қул болып
қаласызлар. Сизлер Құдайымның
Үйи ушын отын шаўып, суў тасый-
сызлар.

24 Гибонлылар Ешуаға былай деп
жуўап берди:

– Мырзамыз, сениң Құдайың
Жаратқан Ийе Өз қулы Муўсаға
пүткил елди сизлерге беретуғы-
нын ҳәм елде жасайтуғынлардың
ҳәммесин жоқ қылыўды буйыр-
ғанын еситкен едик. Бизлер
сизлерден қатты қорқтық ҳәм жа-
нымыздан айырылыўдан қәўетер-
ленип, усылай иследик. 25 Енди
бизлер сениң қолыңдамыз. Сен
нени мақул ҳәм дурыс деп тапсаң,
соны исле.

26 Солай етип, Ешуа оларды из-
раиллылардың қолынан қутқар-
ды ҳәм оларды өлтиртпеди. 27 Сол
күни Ешуа оларды жәмийет ушын
ҳәм Жаратқан Ийе белгилеген жер-
де қурылатуғын Оның қурбанлық
орны ушын отын шаўып, суў та-
сыйтуғын хызметке қойды. Олар
бүгин де сол жумысты атқарады.

## Аморлардың жеңилиске ушыраўы

10 1 Ерусалим патшасы Адо-
ний-Седек Ешуаның Ери-
хоны қолға киргизип, патшасын
жоқ қылғаны сыяқлы, Ай қаласын
да қолға киргизип, толық қыйрат-
қанын ҳәм патшасын өлтиргенин,
Гибон халқының да израиллылар
менен парахатшылық келисимин
дүзип, олар менен бирге жасап
атырғанын еситти. 2 Сонда оны
күшли қорқыныш бийледи. Өйтке-
ни Гибон өз патшасына ийе болған
қалалардың бири сыяқлы үлкен
бир қала еди. Ол Ай қаласынан да
үлкен болып, халқы мәрт жаўын-
герлер еди. 3 Сол себепли Ерусалим
патшасы Адоний-Седек Хеброн
патшасы Ҳоҳамға, Ярмут патшасы
Пирамға, Лахиш патшасы Яфиа-
ға ҳәм Эглон патшасы Дебирге
мына хабарды жиберди: 4 «Келип,
маған Гибонды жоқ етиўге жәр-
дем бериңлер. Себеби Гибон хал-
қы Ешуа ҳәм Израил халқы менен
парахатшылық келисимин дүзип-
ти». 5 Солай етип, аморлардың бес
патшасы – Ерусалим, Хеброн, Яр-
мут, Лахиш ҳәм Эглон патшалары
әскерлерин топлады ҳәм ҳәммеси
бирликте барып, Гибонның қарсы-
сына орда қурды да, ҳүжимге өтти.
6 Гибонлылар Гилгалдағы ордада
болған Ешуаға мына хабарды жи-
берди: «Қулларың болған бизлерди
жалғыз таслап кетпе. Бизлерге те-
зирек келип, жәрдем қолыңды соз
ҳәм бизлерди қутқар. Өйткени таў-
лы елдеги аморлардың барлық пат-
шалары бизлерге қарсы бирлести».
7 Сонлықтан Ешуа пүткил әскер-
лери ҳәм мәрт жаўынгерлери ме-
нен бирге Гилгалдан жолға шықты.
8 Сонда Жаратқан Ийе Ешуаға:
– Олардан қорқпа. Мен оларды
саған тәслим етип атырман. Олар-
дың ҳеш бири саған қарсы тура ал-
майды, – деди.
9 Гилгалдан шығып, түни менен
жол жүрген Ешуа аморларға тосат-
тан ҳүжим жасады. 10 Жаратқан
Ийе аморларды израиллылардың
алдында албыратып таслады ҳәм
израиллылар оларды Гибонда үл-
кен қыйралыўға ушыратты. Бейт-
Хоронға баратуғын жол бойынша,
оларды Азеқаға ҳәм Маккедаға
жеткенше қуўып, өлтирип барды.
11 Жаратқан Ийе израиллылардан
қашқан аморлардың үстине Бейт-Хо-
роннан Азеқаға барғанша аспаннан
ири тас буршақ жаўдырды. Жаўған
тас буршақтың астында өлгенлер из-
раиллылардың қылыш пенен өлтир-
генлеринен де көбирек еди.
12 Жаратқан Ийениң аморларды
израиллылар тәрепинен қыйратқан
күни Ешуа Израил халқының алдын-
да Жаратқан Ийеге дуўа етти. Ол ха-
лықтың көз алдында былай деди:

«Ҳәй қуяш, тур сен Гибон
үстинде,
Ҳәй ай, сен де Айялон
ойпатлығында».

13 Халық өз душпанларынан
өшин алғанша, қуяш тоқтап, ай
да өз орнында турды. Бул ўақыя
Әдилдиң китабында сөз етилген.
Қуяш шама менен бир күн бойы
аспанның ортасында турды, ба-
тыўға асықпады. 14 Жаратқан Ийе
адамның сөзине қулақ асқан бун-
дай күн – буннан алдын да, бун-
нан кейин де болған емес. Себеби
Жаратқан Ийениң Өзи Израил
ушын саўаш жүргизген еди.
15 Буннан соң, Ешуа Израил хал-
қы менен бирге Гилгалдағы ордаға
қайтып келди.

### Амор патшаларының өлтирилиўи

16 Аморлардың бес патшасы қа-
шып, Маккедадағы бир үңгирге
жасырынған еди. 17 Ешуаға: «Бес
патша табылды. Олар Маккедада-
ғы бир үңгирге жасырынып алған
екен», – деген хабар жетти. 18 Ешуа
халыққа былай деди:
– Үңгирдиң аўзын үлкен таслар
менен жаўыңлар ҳәм сол жерди
қорғап турыў ушын сақшылар жи-
бериңлер. 19 Бирақ сизлер қарап
тура бермей, душпанларыңыздың
изинен қуўыңлар. Оларға арт бе-
тинен ҳүжим жасап, өз қалалары-
на кетиўине тосқынлық етиңлер.
Қудайыңыз Жаратқан Ийе олар-
ды сизлерге тәслим еткен.
20 Ешуа ҳәм израиллылар душ-
панды жүдә аўыр жеңилиске ушы-
ратып, оларды пүткиллей жоқ етти.
Ал аман қалғанлар болса, қорған
қалаларға барып, баспана тапты.
21 Соңынан пүткил израиллылар
аман-есен Маккедадағы ордаға,
Ешуаның жанына қайтты. Ҳеш бир
адам израиллыларға қарсыласыў-
ға жүрексине алмады.
22 Сонда Ешуа адамларына:
– Үңгирдиң аўзын ашып, сол бес
патшаны шығарың да, оларды ма-
ған алып келиңлер, – деди.
23 Олар бес патшаны, яғный Еру-
салим, Хеброн, Ярмут, Лахиш ҳәм
Эглон қалаларының патшаларын
үңгирден шығарып, Ешуаға алып
келди. 24 Патшалар алып келин-
генде, Ешуа пүткил Израил хал-
қын жыйнады. Өзи менен урысқа
қатнасқан әскербасыларға болса:
– Жақынырақ келип, аяқлары-
ңызды мына патшалардың желке-
лерине қойыңлар, – деди.
Әскербасылар жақынлап келип,
аяқларын патшалардың желкеле-
рине қойды. 25 Ешуа оларға:
– Қорқпаңлар ҳәм қәўетерлен-
беңлер. Күшли ҳәм мәрт болың-
лар. Жаратқан Ийе сизлер менен
урысатуғын душпанларыңыздың
ҳәммесин усындай аўҳалға сала-
ды, – деди.
26 Кейин Ешуа бес патшаны өл-
тирип, оларды бес ағашқа илди-
рип қойды. Денелер кешке дейин
ағашқа илдириўли турды.
27 Қуяш батарда, Ешуаның буй-
рығы бойынша патшалардың дене-
лери ағашлардан алынып, бурын
өзлери жасырынған үңгирдиң иши-
не тасланды. Ал үңгирдиң аўзы
үлкен таслар менен жаўылды. Бул
таслар бүгинги күнге дейин сол
жерде тур.
28 Ешуа сол күни-ақ Маккеда қа-
ласын басып алды, оның патшасын
ҳәм халқын қылыштан өткизди. Ол
қалада бирде бир тири жан қалдыр-
май, толығы менен қырып таслады.

Ешуа Ерихо қаласының патшасы-
на не қылған болса, Маккеда қала-
сының патшасына да соны қылды.

## Қубладағы қалалардың қолға киргизилиўи

29 Ешуа менен Израил хал-
қы Маккедадан Либна қаласы-
на барып, қалаға ҳүжим жасады.
30 Жаратқан Ийе қаланы ҳәм оның
патшасын израиллыларға тәслим
етти. Ешуа пүткил қала халқын
қылыштан өткизди, бирде бир ти-
ри жан қалдырмады. Ол Ерихо қа-
ласының патшасына не ислеген
болса, бул қаланың патшасына да
соны иследи.
31 Буннан соң, Ешуа Израил хал-
қы менен бирге Либнадан Лахиш
қаласына келди ҳәм қала қарсы-
сына орда қурып, ҳүжимге өтти.
32 Жаратқан Ийе Лахишти израил-
лыларға тәслим етти. Ешуа ертеңи-
не қаланы басып алды. Ол Либнада
ислегени сыяқлы, бул қаланың да
барлық адамларын қылыштан өт-
кизди. 33 Сонда Гезер қаласының
патшасы Ҳорам Лахишке жәрдемге
келди. Ешуа ҳеш бир тири жанды
аман қалдырмай, оны ҳәм оның әс-
керлерин қырып таслады.
34 Ешуа Израил халқы менен Ла-
хиштен шығып, Эглонға келди. Ол
қала қарсысына орда қурып, ҳү-
жимге өтти. 35 Олар қаланы сол
күни-ақ басып алды. Лахиште ис-
легени сыяқлы, бул қаланың да
барлық адамларын сол күни-ақ қы-
лыштан өткизип, қырып таслады.
36 Соңынан Ешуа менен Израил
халқы Эглоннан Хеброн қаласы-
на келип, оған қарсы ҳүжимге өт-
ти. 37 Олар қаланы қолға киргизип,
оның патшасын, халқын ҳәм аўыл-
ларындағы барлық адамларды қы-
лыштан өткизди. Эглонда ислегени
сыяқлы, Хебронда да ҳеш бир ти-
ри жан қалдырмай, толығы менен
қырып таслады.
38 Буннан соң, Ешуа менен Из-
раил халқы изге қайтып, Дебирге
қарсы ҳүжим жасады. 39 Олар қала-
ны, оның патшасын ҳәм аўылларын
қолға киргизип, пүткил халықты
қылыштан өткизди. Ҳеш бир тири
жан қалдырмай, толығы менен қы-
рып таслады. Хеброн, Либна қала-
ларына ҳәм олардың патшаларына
не ислеген болса, Дебирге ҳәм оның
патшасына да соны иследи.
40 Солай етип, Ешуа пүткил ел-
ди: таўлы жерлерди, Негебти, ба-
тыстағы таў етеклерин ҳәм таў
жанбаўырларын қолға киргизип,
сол жерлердеги патшалардың бар-
лығын жеңилиске ушыратты. Ол
Израилдың Қудайы Жаратқан Ийе-
ниң буйрығына қулақ асып, ҳеш
бир тири жан қалдырмай, толығы
менен қырып таслады. 41 Ешуа Қа-
деш-Барниядан Газаға дейин ҳәм
Гибонға дейин созылған пүткил
Гошен үлкесин басып алды. 42 Ол
бул патшалардың барлығын ҳәм
олардың жерлерин бир урыста-ақ
қолға киргизди. Өйткени Израил-
дың Қудайы Жаратқан Ийе Израил
ушын урысқан еди. 43 Кейин Ешуа
Израил халқы менен бирге Гилгал-
дағы ордаға қайтып келди.

## Арқа тәрептеги патшалардың жеңилиске ушыраўы

**11** 1 Болып өткен ўақыялар
ҳаққында Хасор патшасы
Ябин еситкенде, Мадон патшасы

Иобабқа, Шимрон ҳәм Ахшаф
патшаларына, 2 арқадағы таўлы
үлкелердеги, Киннерет көлиниң
қубласындағы тегисликлердеги,
батыстағы таў етеклериндеги ҳәм
батыстағы Дор төбешиклеринде-
ги патшаларға, 3 шығыс ҳәм батыс
үлкелердеги қананлыларға, таўлы
үлкедеги амор, хет, периз ҳәм ебус
халықларына, Хермон таўының
етегиндеги Миспа үлкесинде жа-
сайтуғын хийўлерге хабар жиберди.
4 Бул патшалар пүткил ләшкерле-
ри, яғный теңиз жағасындағы қум
сыяқлы есап-сансыз әскерлери,
жүдә көп ат ҳәм урыс арбалары
менен жолға шықты. 5 Усы барлық
патшалар израиллыларға қарсы
урысыў ушын бирлесип, Мером
суўлары жағасына келди де, ҳәм-
меси бирге орда қурды.

6 Сонда Жаратқан Ийе Ешуаға
былай деди:

– Олардан қорқпа. Ертең усындай
ўақытта олардың ҳәммесин өлимге
тапсырып, Израилға тәслим етемен.
Сен олардың атларының тирсекле-
рин кесип, саўаш арбаларын отқа
жандырып жибер.

7 Солай етип, Ешуа пүткил әскер-
лери менен бирге Мером суўлары
жағасындағы патшаларға тосаттан
ҳүжим жасады. 8 Жаратқан Ийе
оларды израиллыларға тәслим ет-
ти. Израиллылар оларды жеңилис-
ке ушыратты ҳәм қашқанларды
уллы Сидонға, Мисрефот-Майым-
ға ҳәм шығыстағы Миспе ойпатлы-
ғына шекем қуўып барып, оларды
өлтирди. Олар ҳеш кимди аман қал-
дырмады. 9 Ешуа Жаратқан Ийе-
ниң өзине буйырғанындай иследи:
олардың атларының тирсеклерин
кести ҳәм саўаш арбаларын отқа
жандырып жиберди.

10 Буннан соң, Ешуа изге қайтты
ҳәм Хасор қаласын қолға кирги-
зип, оның патшасын қылыштан
өткерди. Себеби Хасор бурын усы
барлық патшалықлардың басы еди.
11 Израиллылар қаладағы барлық
адамларды қылыштан өткизип,
оларды қырып таслады. Олар бирде
бир тири жан қалдырмады. Кейин
Ешуа Хасор қаласын жағып жибер-
ди. 12 Солай етип, Ешуа бул қала-
ларды ҳәм олардың патшаларын
қолға түсирди ҳәм Жаратқан Ийе-
ниң қулы Муўсаның буйырғанын-
дай, ҳәммесин қылыштан өткизип,
қырып таслады. 13 Израиллылар
Ешуаның жағып жиберген қаласы
Хасордан басқа, төбешиклерде қу-
рылған қалалардың ҳеш бирине от
бермеди. 14 Олар бул қалалардағы
ҳәмме нәрсени ҳәм малларды ол-
жа қылды, ал адамларының ҳәм-
месин қылыштан өткизди. Олар
бирде бир тири жан қалдырмады.
15 Жаратқан Ийениң қулы Муўса
Жаратқан Ийеден алған буйрық-
ларын Ешуаға тапсырған еди. Ешуа
оларды тыңлап, Жаратқан Ийениң
Муўсаға буйырғанларының ҳәмме-
син толық орынлады.

## Ешуа қолға киргизген жерлер

16 Солай етип, Ешуа усы пүткил
елди: таўлы жерлерди, пүткил Не-
геб ҳәм Гошен жерлерин, батыстағы
таў етеклерин, Иордан тегислигин
ҳәм Израил таўлары менен олар-
дың етеклерин, 17 Сеирге жақын
Халақ таўынан баслап, Хермон та-
ўының жанындағы Лебанон ойпат-
лығындағы Баал-Гадқа дейинги

жерлерди басып алды. Ал олардың
патшаларын қолға алып, өлтирди.
18 Ешуа бул патшалар менен узақ
ўақыт урысып келген еди. 19 Ги-
бонда жасайтуғын хиўлерден басқа
ҳеш бир қала халқы израиллылар
менен парахатшылық келисимин
дүзген жоқ. Израиллылар басқа
қалалардың ҳәммесин урыс пенен
алды. 20 Өйткени Израилға қарсы
урысыў ушын олардың жүрекле-
рин қатал қылған Жаратқан Ийе-
ниң Өзи еди. Солай етип, Жаратқан
Ийениң Муўсаға буйырғанындай,
израиллылар оларды аяўсыз өлти-
рип, толық қырып таслады.
21 Сол ўақытта Ешуа барып, таў-
лы Хебронда, Дебирде ҳәм Анаб-
та, Яҳуда ҳәм Израилдың барлық
таўлы үлкелеринде жасайтуғын
анақ халқын қалалары менен қоса
пүткиллей қырып таслады. 22 Из-
раиллылардың елинде анақлар-
дан бирде бир адам аман қалмады.
Тек Газа, Гат ҳәм Ашдодта аман
қалғанлар болды. 23 Солай етип,
Жаратқан Ийениң Муўсаға айтқа-
нындай, Ешуа пүткил елди қолға
киргизди ҳәм оны Израил урыўла-
ры арасында мүлик қылып бөлис-
тирди. Солай етип, урыс тоқтап, ел
тынышлыққа еристи.

### Муўса тәрепинен жеңилиске ушыраған патшалар

**12** 1 Израиллылар Иордан
дәрьясының шығысын,
Иордан тегислигиниң пүткил шы-
ғыс тәрепи менен Арнон дәрьясы-
нан Хермон таўына шекем болған
жерлерди қолға киргизип, мына
патшаларды жеңилиске ушырат-
қан еди: 2 олардың бири Хешбонда
жасаған аморлардың патшасы Си-
хон болып, оның патшалығы Ар-
нон дәрьясының жағасындағы
Ароер қаласын ҳәм сол дәрьяның
ортасынан басланатуғын аммон
халқының шегарасы болған Яб-
боқ дәрьясына дейинги жерлер-
ди, яғный Гиладтың ярымын өз
ишине алатуғын еди. 3 Иордан
тегислигиниң шығыс тәрепи де
оған тийисли еди. Бул жер Кинне-
рет көлинен Иордан тегислигин-
деги теңизге, яғный Өли теңизге
дейин созылған жерлерди, және
де, Бейт-Ешимотқа ҳәм қублада-
ғы Писга таўының жанбаўырла-
рына дейинги жерлерди өз ишине
алатуғын еди. 4 Екиншиси Башан
патшасы Ог болып, ол ең соңғы
рефалардың бири еди ҳәм Ашта-
рот пенен Эдрейде ҳүкимдарлық
етти. 5 Ол Хермон таўына, Салкаға,
гешурлылар менен маахалылар-
дың шегараларына дейин созыл-
ған пүткил Башанға ҳәм Хешбон
патшасы Сихонның шегарасына
дейин созылған Гиладтың ярымы-
на ҳүкимдарлық ететуғын еди.
6 Жаратқан Ийениң қулы Муўса
ҳәм израиллылар усы патшалар-
ды жеңилиске ушыратты. Сон-
да Жаратқан Ийениң қулы Муўса
олардың жерлерин Рубен ҳәм Гад
урыўлары менен Менашше урыўы-
ның ярымына мүлик қылып берди.

### Ешуа тәрепинен жеңилиске ушыраған патшалар

7 Лебанон ойпатлығындағы Баал-
Гадтан Сеирге жақын Халақ таўына
шекемги Иордан дәрьясының ба-
тысындағы жерлерде жасаған пат-
шаларды Ешуа ҳәм израиллылар

жеңилиске ушыратты. Олардың
жерлерин Ешуа Израил урыўла-
рына мүлик қылып бөлип берди.
8 Яғный, Ешуа таўлы жерлерди, ба-
тыстағы таў етеклерин, Иордан
тегислигин, таў жанбаўырларын-
дағы жерлерди, шөлди ҳәм Негебти
Израил урыўлары арасында мү-
лик қылып бөлистирди. Бул жер-
лерде хет, амор, қанан, периз, хиў
ҳәм ебус халықлары жасайтуғын
еди. Израил жеңилиске ушырат-
қан патшалар мыналар еди: 9 Ерихо
патшасы, Бейт-Элге жақын жерде-
ги Ай қаласының патшасы, 10 Еру-
салим патшасы, Хеброн патшасы,
11 Ярмут патшасы, Лахиш патшасы,
12 Эглон патшасы, Гезер патшасы,
13 Дебир патшасы, Гедер патшасы,
14 Хорма патшасы, Арад патшасы,
15 Либна патшасы, Адуллам пат-
шасы, 16 Маккеда патшасы, Бейт-
Эл патшасы, 17 Таппуах патшасы,
Хефер патшасы, 18 Афек патшасы,
Лашшарон патшасы, 19 Мадон пат-
шасы, Хасор патшасы, 20 Шимрон-
Мерон патшасы, Ахшаф патшасы,
21 Таанах патшасы, Мегиддо патша-
сы, 22 Кедеш патшасы, Кармелдеги
Иоқнеам патшасы, 23 Төбешикли
Дор елиниң патшасы, Галилада-
ғы Гойым патшасы, 24 ҳәм Тир-
са патшасы. Барлығы болып отыз
бир патша.

### Басып алынатуғын жерлер

**13** 1 Ешуа қартайып, бираз
жасқа барып қалған ўақ-
тында, Жаратқан Ийе оған былай
деди:

– Сен қартайып, бираз жасқа ба-
рып қалдың. Бирақ басып алына-
туғын жерлер еле жүдә көп.
2 Сол қалған жерлер мыналар:
пүткил филист ҳәм гешур халық-
лары жасайтуғын аймақлар, 3 яғ-
ный қананлыларға тийисли болып
есапланған Мысырдың шығыс тә-
репиндеги Шихор дәрьясынан ар-
қадағы Экрон шегараларына шекем
созылған жерлер – булар филист
халқының бес ҳүкимдарына ти-
йисли Газа, Ашдод, Ашкелон, Гат
ҳәм Экрон қалалары ҳәм қубла-
да аў халқының жерлери. 4 Және
де, сидонлыларға тийисли Ара де-
ген жерден баслап, Афекке, яғный
Амор шегарасына шекемги пүткил
Қанан жерлери. 5 Тағы гебаллы-
лардың жерлери ҳәм Хермон таўы
етегиндеги Баал-Гадтан Лебо-Ха-
матқа шекем созылған шығыс тә-
рептеги пүткил Лебанон жерлери.
6 Лебаноннан Мисрефот-Майым-
ға шекем созылған таўлы жерде
жасайтуғынларды, яғный барлық
сидонлыларды израиллылардың
алдынан қуўып шығараман. Саған
буйырғанымдай, бул жерлерди из-
раиллыларға үлестиресең.

7 Енди бул жерлерди тоғыз урыў-
ға ҳәм Менашше урыўының яры-
мына мүлик етип бөлистирип бер.

### Иордан дәрьясының шығысындағы жерлер

8 Менашше урыўының басқа яры-
мы менен Рубен ҳәм Гад урыўлары
Иордан дәрьясының шығысындағы
жерлерди үлес етип алды. Оларға
бул жерлерди Жаратқан Ийениң
қулы Мууса берген еди.

9 Сол жерлер Арнон дәрьясының
жағасындағы Ароерден ҳәм ойпат-
лықтың ортасындағы қаладан бас-
ланып, Дибонға дейин созылған

пүткил Медеба тегислигин өз иши-
не алады. 10 Жәнe де, оның иши-
не Хешбонда ҳүкимдарлық еткен
аморлардың патшасы Сихонның
аммон халқының шегарасына де-
йин созылған пүткил қалалары,
11 Гилад үлкеси ҳәм гешурлылар
менен маахалылардың жерлери,
пүткил Хермон таўы ҳәм Салкаға
дейинги пүткил Башан жерлери
киреди. 12 Жәнe де, ең соңғы ре-
фалардың бири болған, Аштарот
ҳәм Эдрейде ҳүкимдарлық еткен
Башан патшасы Огтың қалған жер-
лериниң барлығы да киреди. Муўса
рефа халқын жеңилиске ушыра-
тып, оларды қуўып жиберген еди.
13 Израиллылар гешурлылар менен
маахалыларды қуўып жибермеди.
Олар бүгин де израиллылардың
арасында жасап келмекте.
14 Муўса тек Лебий урыўына ға-
на жерден үлес бермеди. Жаратқан
Ийениң Муўсаға берген буйры-
ғы бойынша, Израилдың Қудайы
Жаратқан Ийеге берилген қурбан-
лықлардың бир бөлеги лебийли-
лердиң үлеси болады.

## Рубен урыўына берилген жерлер

15 Тийре санына қарай, Муўса-
ның Рубен урыўына берген жерле-
ри мыналар: 16 Арнон дәрьясының
жағасындағы Ароерден ҳәм ойпат-
лықтың ортасындағы қаладан бас-
ланып, пүткил Медеба тегислиги,
17 Хешбон ҳәм тегисликтеги оған
тийисли мына қалалардың ҳәмме-
си: Дибон, Бамот-Баал, Бейт-Баал-
Меон, 18 Яҳаса, Кедемот, Мефаат,
19 Кирятайым ҳәм Сибма, ойпат-
лықтағы төбешикте қурылған
Серет-Шахар, 20 Бейт-Пеор, Пис-
га таўының жанбаўырлары, Бейт-
Ешимот, 21 тегисликтеги барлық
қалалар ҳәм Хешбонда ҳүкимдар-
лық еткен амор патшасы Сихон-
ның пүткил ели. Муўса Сихонды
ҳәм оған тийисли жерлерде жасай-
туғын Мидян көсемлери болған
Эўий, Рекем, Сур, Хур ҳәм Ребаны
жеңилиске ушыратқан еди. 22 Из-
раиллылар өлтирилгенлерге қо-
сып, Беор улы палкер Биламды да
қылыштан өткизди. 23 Рубен уры-
ўының жери Иордан дәрьясына ше-
гаралас еди. Тийре санына қарай,
оларға мүлик етип берилген аўыл
ҳәм қалалар усылар еди.

## Гад урыўына берилген жерлер

24 Тийре санына қарай, Муўса
Гад урыўына мына жерлерди бер-
ди: 25 Язер жери, пүткил Гилад
қалалары, Рабба жақынындағы
Ароерге дейин созылған аммон-
ларға тийисли болған жерлердиң
ярымы, 26 Хешбоннан Рамат-Мис-
пе ҳәм Бетонимге, Маханайым-
нан Ло-Дебарға дейинги жерлер,
27 Иордан ойпатлығындағы Бейт-
Ҳарам, Бейт-Нимра, Суккот, Сафон,
Хешбон патшасы Сихонның жер-
леринен аўысқан бөлеги, Киннерет
көлиниң қубла тәрепине дейин со-
зылған Иордан дәрьясының шығыс
тәрепи. 28 Тийре санына қарай, Гад
урыўына мүлик етип берилген қа-
ла ҳәм аўыллар усылар еди.

## Менашше урыўының ярымына берилген шығыстағы жерлер

29 Тийре санына қарай, Муў-
са Менашше урыўының ярымы-
на мына жерлерди берди: 30 олар

Маханайымнан басланып, Башан
патшасы Огтың ели болған пүт-
кил Башанды ҳәм Башанда Яирге
тийисли болған алпыс қаланың
ҳәммесин өз ишине алды. 31 Жә-
не де, Гиладтың ярымын, Башан
патшасы Огтың пайтахт қалала-
ры болған Аштарот ҳәм Эдрейди
өз ишине алды. Бул жерлер Ме-
нашшениң улы Махирдиң урпақ-
ларының ярымына тийре санына
қарай берилген еди.
32 Муўсаның Ерихоның шығы-
сында, Иордан дәрьясының арғы
жағасындағы ойпатлықтың Моаб-
қа тийисли бөлегинде бөлип бер-
ген жерлери усылар еди. 33 Бирақ
Лебий урыўына жерден үлес бе-
рилмеди. Жаратқан Ийениң айтқа-
ныңдай, олардың үлеси Израилдың
Қудайы Жаратқан Ийениң Өзи бо-
лады.

## Иорданның батысындағы жерлердиң бөлистирилиўи

14 1 Израиллылардың Қанан-
да мүлик етип алған жерле-
рине келсек, бул жерлер руўханий
Элазар, Нун улы Ешуа ҳәм Изра-
ил урыўларының тийре басшы-
лары тәрепинен израиллыларға
бөлип берилди. 2 Жаратқан Ийе-
ниң Муўса арқалы буйырғанын-
дай, үлеслер тоғыз урыў менен бир
урыўдың ярымына шек таслаў жо-
лы менен бөлистирилди. 3 Себеби
Муўса қалған еки урыў менен бир
урыўдың ярымының үлеслерин
Иордан дәрьясының шығыс тә-
репинде берген еди. Бирақ олар
менен бирге лебийлилерге мүлик-
тен үлес берилмеген еди. 4 Юсуп-
тиң улларынан Менашше ҳәм
Эфрайым деген еки урыў келип
шықты. Сонлықтан лебийлилерге
жерден үлес берилмей, тек жасаў
ушын қалалар ҳәм мал-мүликлери
ушын сол қалалар әтирапындағы
жайлаўлар ғана берилди. 5 Солай
етип, израиллылар Жаратқан Ийе-
ниң Муўсаға буйырғаны бойынша
ис тутып, жерлерди бөлисип алды.

## Хебронның Калебке берилиўи

6 Бир күни Яҳуда урыўынан бол-
ған адамлар Гилгалда болып атыр-
ған Ешуаға келди. Сонда Кениз
тийресинен болған Ефунне улы
Калеб Ешуаға былай деди:
– Жаратқан Ийениң Қадеш-Бар-
нияда Қудайдың адамы болған
Муўсаға сен ҳәм мен туўралы не-
лерди айтқанынан өзиңниң хаба-
рың бар. 7 Жаратқан Ийениң қулы
Муўса елди көзден өткизип келиў
ушын мени Қадеш-Барниядан жи-
бергенинде, мен қырық жаста едим.
Мен көргенлеримди ҳақ кеўлим
менен жеткизип келдим. 8 Деген
менен, мениң менен бирге барған
туўысқанларым халықтың жүре-
гине қорқыныш салды. Бирақ мен
Қудайым Жаратқан Ийеге толық
бойсындым. 9 Сонлықтан Муўса
сол күни: «Сен Қудайым Жаратқан
Ийеге толық бойсынғаның ушын,
аяғың тийген жерлер саған ҳәм се-
ниң урпақларыңа мәңгиге мүлик
етип бериледи», – деп ант ишкен
еди. 10 Сол ўақытта израиллы-
лар шөлде жүрген еди. Жаратқан
Ийениң Муўсаға бул сөзлерди айт-
қанына қырық бес жыл болды. Ми-
некей, Жаратқан Ийе Өз сөзиниң
үстинен шығып, маған өмир бер-
ди. Ҳәзир мен сексен бес жастаман.

11 Муўса мени жиберген күнде қан-
дай күшли болған болсам, бүгин
де сондайман. Сол ўақыттағыдай,
урысқа шығыўға еле де күшим же-
теди. 12 Енди Жаратқан Ийениң сол
күни айтқанындай, бул таўлы ел-
ди маған бер. Ол жерде анақ хал-
қының жасайтуғынын, олардың
үлкен ҳәм беккем етип қорғалған
қалаларының барлығын сол кү-
ни өзиң де еситкен един. Мүмкин,
Жаратқан Ийе маған жәрдем етер
ҳәм мен Оның айтқанындай, олар-
ды сол жерден қуўып шығарарман.
13 Сонда Ешуа Ефунне улы Ка-
лебке ақ пәтиясын берди ҳәм Хеб-
ронды оған мүлик қылып берди.
14 Солай етип, Хеброн Кениз тий-
ресинен болған Ефунне улы Ка-
лебтиң мүлки болды ҳәм бүгинги
күнге дейин бул жер оған тийисли.
Өйткени ол Израилдың Қудайы
Жаратқан Ийеге толық бойсынған
еди. 15 Хебронның ески аты Кирят-
Арба болып, Арба анақлардың ең
уллы адамы еди.

Солай етип, урыс тоқтап, ел ты-
нышлыққа еристи.

### Яҳуда урыўына берилген жерлер

**15** 1 Тийре санына қарай, Яҳу-
да урыўының шегине түс-
кен жерлер қублада болып, Эдом
шегарасына, ең қублада Зин шөли-
не дейин созылатуғын еди. 2 Олар-
дың қубла шегарасы Өли теңиздиң
қубла тәрепиндеги қолтықтан бас-
ланып, 3 Ақраббим бийиклигиниң
қубласына, ол жерден Зинге, Қа-
деш-Барнияның қубласынан Хес-
ронға, Хесроннан Аддарға өтип, ол
жерден Қарқаға бурылатуғын еди.
4 Соңынан Асмоннан өтетуғын еди
ҳәм Мысыр шегарасындағы сай-
ды бойлап, Жер Орта теңизине
тақалатуғын еди. Бул Яҳуда уры-
ўының қубла шегарасы еди. 5 Шы-
ғыс шегарасы Өли теңиз бойлап
Иордан дәрьясының қуяр қолты-
ғына қарай созылған еди. Ал ар-
қа шегарасы Иордан дәрьясының
Өли теңизге қуятуғын қолтығынан
басланатуғын еди. 6 Ол кейин Бейт-
Хоглаға қарай созылып, Бейт-Ара-
баның арқа тәрепинен өтетуғын
еди ҳәм Рубенниң улы Боҳанның
тасы турған жерге дейин баратуғын
еди. 7 Соңынан шегара Ахор ой-
патлығынан Дебирге дейин барып,
ойпатлықтың қубласындағы Адум-
мим бийиклиги қарсысындағы
Гилгалға бурылатуғын, бул жерден
Эн-Шемеш суўларына дейин созы-
лып, Рогел булағына барып тақала-
туғын еди. 8 Кейин Ебус қаласының,
яғный Ерусалимниң қубла тәре-
пи бойлап Бен-Ҳинном ойпатлы-
ғынан өтетуғын еди. Бул жерден
Рефаим ойпатлығының арқа тәре-
пинде болған Ҳинном ойпатлығы-
ның батысындағы таўдың төбесине
көтерилип, 9 ол жерден Нефтоах
суў булағына бурылып, Эфрон та-
ўындағы қалаларға созылатуғын
ҳәм Баалаға, яғный Кирят-Яримге
қарай бурылатуғын еди. 10 Ал Баа-
ладан батысқа, Сеир таўына қарай
Ярим таўы бойлап, яғный Кесалон
таўының арқа тәрепи бойлап созы-
лып, Бейт-Шемешке қарай бара-
туғын ҳәм Тимна арқалы өтетуғын
еди. 11 Соңынан Экронның арқа
тәрепиндеги жанбаўырға созылып,
Шиккаронға қарай бурылатуғын,
Баала таўына жеткеннен кейин,

Ябнеелге баратуғын ҳәм Жер Орта
теңизине барып тақалатуғын еди.
12 Ал батыс шегарасы Жер Орта
теңизиниң жағалары еди. Яҳуда
урыўының тийрелери усы шега-
ралар менен қоршалған еди.

## Калебтиң Хеброн ҳәм Дебир қалаларын басып алыўы

13 Ешуа Жаратқан Ийениң өзине
буйырғанындай, Яҳуда бөлегинде-
ги Кирят-Арбаны, яғный Хеброн
қаласын Ефунне улы Калебке үлес
етип берди. Арба – анақ халқының
түп бабасы еди. 14 Калеб анақлар-
дың Шешай, Ахиман ҳәм Талмай
деген тийрелерин ол жерден қу-
ўып жиберди. 15 Ол сол жерден ес-
ки аты Кирят-Сефер болған Дебир
қаласының халқына қарсы жүрис
қылды. 16 Сонда Калеб:
– Кирят-Сефер халқын жеңип,
ол жерди қолға киргизген адамға
қызым Ахсаны ҳаяллыққа бере-
мен, – деди.
17 Қаланы Калебтиң иниси, Ке-
наздың улы Отниел қолға киргиз-
ди. Сонлықтан Калеб қызы Ахсаны
оған ҳаяллыққа берди. 18 Қыз От-
ниелдиң жанына барғанда, ол күй-
йеўин үгитлеп:
– Әкемнен бир атыз сора, – деди.
Калеб ешектен түсип атырған
қызынан:
– Қандай тилегиң бар? – деп со-
рады.
19 Қыз әкесине:
– Маған бир енши берсең. Ме-
ни Негеб шөлине узатқан екенсең,
енди маған суў булақларын бер, –
деди. Солай етип, Калеб қызына
жоқарғы ҳәм төменги суў булақ-
ларын берди.

## Яҳуда урыўына тийисли қалалар

20 Тийре санына қарай, Яҳуда
урыўы мына жерлерди үлес қы-
лып алды:
21 Яҳуда урыўының ең қублада,
Эдом жериниң шегарасындағы қа-
лалары төмендегилер еди: Қабсе-
ел, Эдер, Ягур, 22 Кина, Димона
ҳәм Адада, 23 Кедеш, Хасор, Ит-
нан, 24 Зиф, Телем, Беалот, 25 Хасор-
Хадатта, Керийот-Хесрон, яғный
Хасор, 26 Амам, Шема, Молада,
27 Хасар-Гадда, Хешмон, Бейт-
Пелет, 28 Хасар-Шуал, Беер-Шеба,
Бизиотия, 29 Баала, Иййим, Эсем,
30 Элтолад, Кесил, Хорма, 31 Сик-
лаг, Мадманна, Сансанна, 32 Лебаот,
Шилхим, Айын ҳәм Риммон. Ҳәм-
меси болып, аўыллары менен бир-
ликте жигирма тоғыз қала.
33 Батыстағы таў етеклеринде:
Эштаол, Сора, Ашна, 34 Заноах, Эн-
Ганним, Таппуах, Энам, 35 Ярмут,
Адуллам, Сохо, Азеқа, 36 Шаарайым,
Адитайым, Гедера ямаса Гедерота-
йым. Ҳәммеси болып, аўыллары
менен бирликте он төрт қала.
37 Сенан, Хадаша, Мигдал-Гад,
38 Дилан, Миспе, Иоқтеел, 39 Ла-
хиш, Босқат, Эглон, 40 Каббон, Лах-
мас, Китлиш, 41 Гедерот, Бейт-Дагон,
Наама ҳәм Маккеда. Ҳәммеси болып,
аўыллары менен бирликте он алты
қала. 42 Либна, Этер, Ашан, 43 Ифтах,
Ашна, Несиб, 44 Кеила, Ахзиб ҳәм
Мареша. Ҳәммеси болып, аўыллары
менен бирликте тоғыз қала.
45 Қалалары ҳәм аўыллары менен
бирликте Экрон, 46 Экроннан Жер
Орта теңизине шекемги Ашдодтың
дөгерегиндеги барлық аўыллар.

[47] Ашдод пенен оның қалалары
ҳәм аўыллары. Мысыр шегарасын-
дағы сайға ҳәм Жер Орта теңизине
дейин созылған Газа менен оның
қалалары ҳәм аўыллары.
[48] Таўлы үлкеде Шамир, Яттир
ҳәм Сохо, [49] Данна, Кирят-Санна,
яғный Дебир. [50] Анаб, Эштемоа ҳәм
Аним, [51] Гошен, Холон ҳәм Гило.
Ҳәммеси болып, аўыллары менен
бирликте он бир қала.
[52] Араб, Дума ҳәм Эшан, [53] Янум,
Бейт-Таппуах ҳәм Афека. [54] Хумта,
Кирят-Арба, яғный Хеброн ҳәм
Сиор. Ҳәммеси болып, аўыллары
менен бирликте тоғыз қала.
[55] Маон, Кармел, Зиф ҳәм Ют-
та. [56] Изреел, Иоқдеам ҳәм Заноах.
[57] Каин, Гиба ҳәм Тимна. Ҳәммеси
болып, аўыллары менен бирлик-
те он қала.
[58] Халхул, Бейт-Сур ҳәм Гедор.
[59] Маарат, Бейт-Анот ҳәм Элтеқон.
Ҳәммеси болып, аўыллары менен
бирликте алты қала.
[60] Кирят-Баал, яғный Кирят-
Ярим ҳәм Рабба. Ҳәммеси болып,
аўыллары менен бирликте еки қала.
[61] Шөлде Бейт-Араба, Миддин ҳәм
Сехаха. [62] Нибшан, Дуз қаласы ҳәм
Эн-Гедий. Ҳәммеси болып, аўылла-
ры менен бирликте алты қала.
[63] Яҳуда урыўы Ерусалимде жа-
саған ебуслыларды қуўып шығара
алмады. Ебуслылар бүгин де Яҳу-
да урыўы менен бирге Ерусалим-
де жасамақта.

## Эфрайым урыўына берилген жерлер

**16** [1] Юсуп урпағының шегине
түскен жерлердиң шегара-
лары Ерихо жанындағы Иордан
дәрьясынан, Ерихо булақларының
шығыс тәрепинен басланып, шөл
арқалы Ериходан Бейт-Элдиң таў-
лы үлкесине қарай созылады. [2] Ке-
йин Бейт-Элден Лузға өтип, Арк
тийресиниң жери болған Атарот-
қа қарай созылады. [3] Шегара сол
жерден батыстағы Яфлет урпағы-
ның жерлерине, төменде Бейт-Хо-
рон үлкесине, ол жерден Гезерге
түседи ҳәм Жер Орта теңизине ке-
лип таўысылады.
[4] Солай етип, Юсуптиң уллары
Менашше ҳәм Эфрайым усы жер-
лерди үлес етип алды.
[5] Тийре санына қарай, Эфрайым
урыўының үлесине тийген жерлер-
диң шегарасы шығыста Атрот-Ад-
дардан жоқарыдағы Бейт-Хоронға
қарай созылып, [6] Жер Орта теңизи-
не барады. Арқадағы Михметаттан
шығысқа, Таанат-Шилоға қарай
бурылып, қала бойлап, Яноахтың
шығысына қарай созылады. [7] Бул
жерден Атарот ҳәм Наараға түседи,
Ерихоға жетип, Иордан дәрьясына
барып таўысылады. [8] Таппуахтан
батысқа қарай Қана сайына дейин
созылып, Жер Орта теңизинде та-
ўысылады. Тийре санына қарай,
Эфрайым урыўының үлеси усы еди.
[9] Буннан тысқары, Менашше уры-
ўына тийген үлес жердиң ишинде
Эфрайым урыўына тийисли қала-
лар ҳәм олардың әтирапларында-
ғы аўыллар бар еди.
[10] Деген менен, Эфрайым урыўы
Гезерде жасаған кананлыларды
қуўып шығармады. Кананлылар
бүгинги күнге дейин Эфрайым
урыўының арасында жасайды ҳәм
олар ушын ерксиз хызметшиге ай-
ланған.

## Менашше урыўына берилген жерлер

17 1 Юсуптиң туңғыш улы
Менашшениң урпақлары-
на, Менашше урыўына берилген
үлес жерлер мыналар еди: Гилад-
тың әкеси Махир Менашшениң
туңғыш улы еди. Махир жаўынгер
адам болғанлықтан, Гилад ҳәм
Башан жери оныки болды. 2 Ме-
нашшениң басқа уллары Абиезер,
Хелек, Асриел, Шехем, Хефер ҳәм
Шемиданың улларына да тий-
ре санына қарай үлес берилди.
Булар тийре көсемлери болып,
Юсуптиң улы Менашшениң ер
балалары еди.

3 Менашшениң қуўлығы, Махир-
диң шаўлығы, Гиладтың ақлығы,
Хефердиң улы болған Селофехад-
тың ул баласы болмады. Оның тек
Махла, Ноа, Хогла, Милка ҳәм Тир-
са деген қызлары болды. 4 Сол қыз-
лар руўханий Элазарға, Нун улы
Ешуаға ҳәм басшыларға келип,
оларға:
– Ер туўысқанларымыз қата-
ры бизлерге де үлес берилиўин
Жаратқан Ийе Муўсаға буйырған
еди, – деди. Сонда Ешуа Жаратқан
Ийениң буйрығы бойынша олар-
ға да ер туўысқанлары қатары
жерден үлес берди. 5 Солай етип,
Менашше урыўына Иордан дәрья-
сының шығысындағы Гилад ҳәм
Башан жеринен басқа, және он
жер үлес етип берилди. 6 Өйтке-
ни Менашшениң қыз урпақлары
да ер урпақлары қатары жерден
үлес алған еди. Ал Гилад жери
болса, Менашшениң басқа улла-
рына берилди.

7 Менашше урыўының жери
Ашерден Шехемниң шығысында-
ғы Михметатқа созылатуғын еди
ҳәм шегарасы ол жерден қублаға
бурылып, Эн-Таппуах халқының
жерлерине дейин баратуғын еди.
8 Таппуах қаласының әтирапын-
дағы жерлер Менашше урыўына,
ал оның шегарасындағы Таппуах
қаласының өзи Эфрайым урыўына
тийисли еди. 9 Соңынан шегара Қа-
на сайына түсип, сайдың қубласын-
дағы Менашше урыўына тийисли
қалалар арасындағы Эфрайым
урыўына тийисли қалаларға де-
йин баратуғын еди. Менашше уры-
ўының жер шегарасы сайдың арқа
тәрепи бойынша созылып, Жер
Орта теңизине барып тоқтайтуғын
еди. 10 Қубладағы жерлер Эфра-
йым урыўыники, ал арқадағы жер-
лер Менашше урыўыники болып,
батыста Жер Орта теңизи, арқада
Ашер, шығыста Иссахар урыўы-
ның жерлери менен шегараласа-
туғын еди.

11 Иссахар ҳәм Ашер урыўлары-
на тийисли жерлердеги Бейт-Шеан
ҳәм оның аўыллары, Иблеам ҳәм
оның аўыллары, Дор, яғный На-
фат-Дор халқы ҳәм оның аўыллары,
Эн-Дор халқы ҳәм оның аўыллары,
Таанах халқы ҳәм оның аўыллары,
Мегиддо халқы ҳәм оның аўылла-
ры Менашше урыўына тийисли
еди. 12 Деген менен, Менашшениң
урпақлары бул қалаларды қолға
киргизе алмады. Себеби қанан-
лылар сол жерлерде қалыўға қарар
еткен еди. 13 Израиллылар күшке
толғанда, қананлыларды ерксиз
хызметшиге айландырды, бирақ
оларды толық қуўып шығармады.

### Эфрайым ҳәм Менашше урыўларының үлкенирек жер сораўы

14 Бир күни Юсуптиң урпақлары
Ешуаға келип:
– Не ушын бизлерге тек бир мәрте
шек таслап, бир үлес жер бердиң?
Жаратқан Ийе бизлерди жарыл-
қағанлықтан, бизлер жүдә көп-
пиз, – деди.
15 Ешуа оларға:
– Сизлер соншелли көп болсаңыз
ҳәм сизлерге Эфрайымның таўлы
үлкеси тарлық етип атырған болса,
перизлер ҳәм рефалардың жерле-
риндеги тоғайларды шаўып, өзле-
риңизге жер ашып алыңлар, – деп
жуўап берди.
16 Юсуптиң урпақлары Ешуаға:
– Аўа, таўлы жерлер бизлерге жет-
пейди. Бирақ Бейт-Шеан менен
оның аўылларында ҳәм Изреел ой-
патлығында жасайтуғынлардың,
яғный сол жерде жасайтуғын бар-
лық қананлылардың темир арба-
лары бар-ғо, – деди.
17 Ешуа Юсуптиң уллары Эфра-
йым менен Менашшениң урпақла-
рына былай деди:
– Сизлер көп санлы ҳәм күшли-
сиз. Сизлер тек бир үлес пенен қал-
майсызлар. 18 Таўлы жерлер ҳәм
ондағы тоғайлықлар да сизлер-
дики болады. Сизлер тереклерди
шаўып, тазаласаңлар, ол жерлер
толығы менен сизлердики бола-
ды. Қананлылар күшли болса да,
олардың темир арбалары болса
да, сизлер оларды қуўып шыға-
расызлар.

### Қалған жерлердиң бөлистирилиўи

**18** 1 Елди қолға киргизгеннен
соң, пүткил Израил жәми-
йети Шилода бир жерге топланды.
Олар сол жерде Ушырасыў шаты-
рын қурды. 2 Деген менен, олардың
арасында жерден елеге дейин өз
үлесин алмаған жети урыў бар еди.
3 Сонда Ешуа израиллыларға бы-
лай деди:
– Ата-бабаларыңыздың Қудайы
Жаратқан Ийениң сизлерге бер-
ген жерлерин қолға киргизиўди
қашанға шекем кешиктиресизлер?
4 Ҳәр урыўдан үш адамнан сайлап
алыңлар. Мен оларды елди көз-
ден өткизип келиў ушын жибере-
жақпан. Олар үлес етип алатуғын
жерлериниң шегараларын белги-
лейди ҳәм оларды сүўретлеп жа-
зып, маған қайтып келеди. 5 Олар
бул жерлерди жети бөлекке бөл-
син. Яҳуда урыўы қубла бөлек-
теги, Юсуптиң урпақлары арқа
бөлектеги өз жерлеринде қалсын.
6 Жерди жети бөлекке бөлип, сүў-
ретлеп жазғаныңыздан кейин, ма-
ған алып келиңлер. Мен бул жерде,
Қудайымыз Жаратқан Ийениң ал-
дында сизлер ушын шек таслайман.
7 Лебийлилерге келсек, олардың
сизлердиң араңызда үлеси жоқ.
Олардың үлеси – Жаратқан Ийе
ушын руўханийлик хызметин ат-
қарыўдан ибарат. Ал Гад ҳәм Рубен
урыўы менен Менашше урыўы-
ның ярымы Иордан дәрьясының
шығыс тәрепинде өзлериниң үлес
жерлерин алған еди. Сол жерлер-
ди оларға Жаратқан Ийениң қулы
Муўса берген еди.

[8] Ешуа жерди сүўретлеп жазып
келиў ушын жолға шықпақшы бол-
ған адамларға:
– Барып, жерлерди айланып шы-
ғып, сүўретлеп жазың да, соңынан
жаныма қайтып келиңлер. Кейин
мен бул жерде, Шилода, Жаратқан
Ийениң алдында сизлер ушын шек
таслайман, – деп буйырды.
[9] Солай етип, адамлар жолға ат-
ланып, елди айланып шықты. Олар
елди қалама-қала жети бөлекке
бөлген ҳалда китапқа сүўретлеп
жазды да, Шилоға, ордада болған
Ешуаға қайтып келди. [10] Ешуа Ши-
лода, Жаратқан Ийениң алдында
олар ушын шек таслап, жерлерди
Израил урыўлары арасында бө-
листирди.

## Бенямин урыўына берилген жерлер

[11] Тийре санына қарай, Беня-
мин урыўы ушын шек тасланды.
Олардың шегине түскен жерлер
Яҳуда урыўы менен Юсуптиң ур-
пақларының жерлери арасында
еди. [12] Олардың жериниң шегара-
сы арқада Иордан дәрьясынан бас-
ланып, Ерихоның арқа тәрепине
көтерилетуғын, батыста таўлы үл-
кеге қарай созылып, Бейт-Аўенниң
әтирапындағы елсиз далада тоқ-
тайтуғын еди. [13] Шегара ол жер-
ден Луздың жанбаўырына, яғный
Бейт-Элдиң қубла тәрепине өтип,
Бейт-Хоронның қубласындағы таў-
дың қасындағы төменги Атрот-Ад-
дарға түседи. [14] Ол жерден шегара
бурылып, Бейт-Хоронның қарсы-
сында болған таўдың батыс тәрепи
менен қублаға қарай созылады ҳәм
Яҳуда урыўына тийисли болған
Кирят-Баал, яғный Кирят-Ярим
қаласында тоқтайды. Бул батыс
шегарасы еди.
[15] Ал қубла шегарасы Кир-
ят-Яримниң шетинен басланып,
Нефтоах суў булағына дейин созы-
латуғын еди. [16] Шегара бул жерден
Рефаим ойпатлығының арқа тәре-
пиндеги Бен-Ҳинном ойпатлығына
қараған таўдың етеклерине барып,
Ҳинном ойпатлығы арқалы өтету-
ғын ҳәм Ебустың[a] қубла тәрепине,
ол жерден Рогел булағына түсету-
ғын еди. [17] Арқаға бурылған шегара
Эн-Шемеш ҳәм Адуммим бийик-
лигиниң қарсысындағы Гелилот-
қа барып, Рубенниң улы Боҳанның
тасына түсетуғын еди. [18] Соңынан
Иордан тегислигиниң жанында-
ғы қырдың арқа тәрепинен өтип,
тегисликке түсетуғын еди. [19] Ол
жерден Бейт-Хогланың арқа етек-
лерине өтип, Өли теңиздиң арқа
қолтығында, Иордан дәрьясының
қубла қуяр қолтығында тоқтайту-
ғын еди. Бул қубла шегарасы еди.
[20] Шығыс шегарасы Иордан дәрья-
сы еди. Тийре санына қарай, Бен-
ямин урыўының үлесине тийген
жерлердиң шегаралары усылар еди.
[21] Тийре санына қарай, Бенямин
урыўының үлесине тийген қалалар
мыналар еди: Ерихо, Бейт-Хогла,
Эмек-Кесис, [22] Бейт-Араба, Семара-
йым, Бейт-Эл, [23] Аўуим, Пара, Оф-
ра, [24] Кефар-Аммоний, Офний, Геба.
Ҳәммеси болып, аўыллары менен
бирликте он еки қала. [25] Гибон, Ра-
ма, Беерот, [26] Миспе, Кефира, Моса,

---

a **18:16** *Ебус* – Ерусалимниң ески аты.

27 Рекем, Ирпеел, Тарала, 28 Села,
Элеф, Ебус, яғный Ерусалим, Гибат
ҳәм Кирят. Ҳәммеси болып, аўыл-
лары менен бирликте он төрт қа-
ла. Тийре санына қарай, Бенямин
урыўының үлеси усы еди.

### Шимон урыўына берилген жерлер

**19** 1 Екинши шек Шимонға,
тийре санына қарай, Ши-
мон урыўына түсти. Олардың
үлеси Яҳуда урыўының үлесине
тийген жерлердиң ишинде еди.
2 Оларға мына қалалар берил-
ди: Беер-Шеба яғный Шеба, Мо-
лада, 3 Хасар-Шуал, Бала, Эсем,
4 Элтолад, Бетул, Хорма, 5 Сик-
лаг, Бейт-Маркабот, Хасар-Суса,
6 Бейт-Лебаот, Шарухен. Ҳәммеси
болып, аўыллары менен бирликте
он үш қала. 7 Айын, Риммон, Этер
ҳәм Ашан. Булар аўыллары менен
бирликте төрт қала.

8 Баалат-Беер, яғный Негебте-
ги Рамаға қарай созылған бул қа-
лалардың әтирапындағы барлық
аўыллар да Шимон урыўына ти-
йисли еди. Тийре санына қарай,
Шимон урыўына тийген үлес усы
еди. 9 Шимон урыўына берилген
үлес Яҳуда урыўының үлесинен
алынған еди. Өйткени Яҳуда уры-
ўының үлеси керегинен артық еди.
Солай етип, Шимон урыўының үле-
си Яҳуда урыўына тийисли жердиң
ишинде еди.

### Зебулон урыўына берилген жерлер

10 Тийре санына қарай, үшин-
ши шек Зебулон урыўына түсти.
Олардың жерлери Саридке шекем
созылатуғын еди. 11 Шегара сол
жерден батысқа қарай, Маралаға
дейин барып, Даббешетке жете-
туғын ҳәм Иоқнеам қарсысында-
ғы сайға дейин созылатуғын еди.
12 Соңынан Саридтан күншығысқа,
Кислот-Табордың шегарасына ба-
рып, ол жерден Дабератқа тақала-
туғын ҳәм Яфиаға шығатуғын еди.
13 Шығыс шегарасы Яфиадан Гат-
Хефер ҳәм Эт-Қасинге өтип, Рим-
монға дейин созылатуғын, кейин
Неаға бурылатуғын еди. 14 Ал арқа
шегарасы бул жерден Ханнатонға
бурылып, Ифтах-Эл ойпатлығы-
на келип тоқтайтуғын еди. 15 Бул
шегара Қаттат, Наҳалал, Шимрон,
Идала ҳәм Бейтлеҳемди өз ишине
алады. Ҳәммеси болып, олар аўыл-
лары менен бирликте он еки қала
еди. 16 Тийре санына қарай, Зебулон
урыўына усы қалалар аўыллары
менен бирликте үлес етип берилди.

### Иссахар урыўына берилген жерлер

17 Төртинши шек Иссахарға, тий-
ре санына қарай, Иссахар урыўына
түсти. 18 Олардың жер шегарасы-
ның ишине кирген қалалар: Изреел,
Кесуллот, Шунем, 19 Хафарайым,
Шион, Анахарат, 20 Раббит, Киш-
йон, Эбес, 21 Ремет, Эн-Ганним, Эн-
Хадда ҳәм Бейт-Пассес. 22 Олардың
шегарасы Табор, Шахасима ҳәм
Бейт-Шемеш арқалы созылып,
Иордан дәрьясына келип тоқтай-
туғын еди. Ҳәммеси болып, олар
аўыллары менен бирликте он ал-
ты қала еди. 23 Тийре санына қа-
рай, Иссахар урыўына усы қалалар
аўыллары менен бирликте үлес
етип берилди.

## Ашер урыўына берилген жерлер

24 Тийре санына қарай, бесинши
шек Ашер урыўына түсти. 25 Олар-
дың жер шегарасының ишине кир-
ген қалалар: Хелқат, Халий, Бетен,
Ахшаф, 26 Алламмелех, Амад ҳәм
Мишал болып, батыста Кармел ҳәм
Шихор-Либнатқа дейин созыла-
туғын еди. 27 Бул жерден шығыс-
қа, Бейт-Дагонға қайтып, Зебулон
шегарасы ҳәм Ифтах-Эл ойпатлығы
бойынша созылатуғын, ал арқада
Бейт-Эмек ҳәм Неиелге жалғаса-
туғын еди. Кейин Кабулдың арқа
тәрепинен 28 Эброн, Рехоб, Хаммон
ҳәм Қанаға өтип, уллы Сидонға же-
тетуғын еди. 29 Усы жерден Рамаға
қайтып, қорғанлы Тир қаласына
қарай созылатуғын, кейин Хосаға
бурылып, Ахзиб аймағында, Жер
Орта теңизинде тамамланатуғын
еди. 30 Және де, Умма, Афек ҳәм
Рехоб. Ҳәммеси болып, аўыллары
менен бирликте жигирма еки қала.
31 Тийре санына қарай, Ашер уры-
ўына усы қалалар аўыллары менен
бирликте үлес етип берилди.

## Нафталий урыўына берилген жерлер

32 Алтыншы шек Нафталийге,
тийре санына қарай, Нафталий
урыўына түсти. 33 Олардың ше-
гарасы Хелеф ҳәм Саананнимде-
ги теребинф ағашынан басланып,
Адамий-Некеб ҳәм Ябнеел арқалы
Лаққумға қарай созылатуғын ҳәм
Иордан дәрьясында тамамланату-
ғын еди. 34 Шегара және Хелефтен
басланып, батысқа қарай Азнот-
Табордан өтетуғын ҳәм Хуқоққа
жалғасатуғын еди. Қублада Зе-
булон жерлерине, батыста Ашер
жерлерине, ал шығыста Иордан
дәрьясына барып тирелетуғын еди.
35 Олардың қорғанлы қалалары
мыналар еди: Сиддим, Сер, Хам-
мат, Раққат, Киннерет, 36 Адама,
Рама, Хасор, 37 Кедеш, Эдрей, Эн-
Хасор, 38 Ирон, Мигдал-Эл, Хорем,
Бейт-Анат, Бейт-Шемеш. Ҳәммеси
болып, аўыллары менен бирликте
он тоғыз қала. 39 Тийре санына қа-
рай, Нафталий урыўына усы қала-
лар аўыллары менен бирликте үлес
етип берилди.

## Дан урыўына берилген жерлер

40 Тийре санына қарай, жетинши
шек Дан урыўына түсти. 41 Олар-
дың үлесине тийген жерлер мына
қалаларды өз ишине алады: Сора,
Эштаол, Ир-Шемеш, 42 Шаалаббин,
Айялон, Итла, 43 Элон, Тимна, Эк-
рон, 44 Элтеке, Гиббетон, Баалат,
45 Еҳуд, Бене-Берақ, Гат-Риммон,
46 Ме-Ярқон ҳәм Яфоның қарсы-
сындағы жерлер менен бирликте
Раққон. 47 Жерлеринен айырылып
қалғанлықтан, Дан урыўы Лешемге
ҳүжим жасады. Олар қаланы алып,
пүткил халқын қылыштан өткиз-
ди де, сол жерге орналасып алды.
Және де, бабасы Данның ҳүрметине
сол жерди Дан деп атады. 48 Тийре
санына қарай, Дан урыўына усы
қалалар аўыллары менен бирлик-
те үлес етип берилди.

## Ешуаға тийген үлес

49 Жерлерди шегаралап бөлисти-
рип болғаннан соң, израиллылар өз
жерлери ишинен Нун улы Ешуаға

үлес берди. 50 Жаратқан Ийениң
буйрығы бойынша, олар Ешуаға
өзи сораған қаланы, Эфрайымның
таўлы үлкесиндеги Тимнат-Серах-
ты берди. Ешуа қаланы қайтадан
салып, сол жерге орналасты.
51 Руўханий Элазар, Нун улы
Ешуа ҳәм Израил урыўларында-
ғы тийре басшыларының Шилода,
Жаратқан Ийениң алдында, Ушы-
расыў шатырының кирер аўзының
алдында шек таслап бөлистирген
үлес жерлери усылар еди. Солай
етип, олар елди бөлистириў исин
тамамлады.

### Паналайтуғын қалалар

**20** 1 Буннан соң, Жаратқан
Ийе Ешуаға былай деди:
2 – Муўса арқалы сизлерге бу-
йырғанымдай, израиллыларға айт,
олар өзлери паналайтуғын қала-
ларды таңласын. 3 Егер биреў абай-
сызда адам өлтирип қойса, ол сол
жерге қашып барсын. Сизлердиң
өлген адамның өш алыўшы әмең-
геринен қашып паналайтуғын бир
жериңиз болыўы керек.
4 Бул қалалардың бирине қашқан
адам қала дәрўазасының қасын-
да турып, өзиниң аўҳалын қала-
ның ақсақалларына билдирсин.
Ақсақаллар оны қаласына қабыл
етип, оған жасайтуғын орын бер-
син. 5 Адам өлтирген адамның изи-
нен өш алыўшы әмеңгери қуўып
келсе, қаланың басшылары оны өш
алыўшы адамға тапсырып жибер-
месин. Себеби ол абайсызда адам
өлтирди ҳәм онда өлтирген ада-
мына деген алдын ала ҳеш қандай
қаслық болмаған. 6 Адам өлтир-
ген адам қаладағы жәмийетшилик
алдында ҳүким етилмегенше ҳәм
сол ўақытта хызмет еткен бас руў-
ханий өлгенге дейин, сол қала-
да қалыўы керек. Соңынан ол өзи
қашып шыққан қаласына, өз үйи-
не қайтсын.
7 Солай етип, олар Нафталий-
диң таўлы үлкесиндеги, яғный Га-
лиладағы Кедешти, Эфрайымның
таўлы үлкесинде болған Шехемди
ҳәм Яҳуданың таўлы үлкесиндеги
Кирят-Арбаны, яғный Хебронды
таңлады. 8 Және де, Иордан дәрья-
сының арғы жағындағы, Ерихоның
шығысындағы мына қалаларды
таңлады: олар Рубен урыўына ти-
йисли тегисликтеги шөлде жайлас-
қан Бесер қаласы, Гад урыўының
жерлери ишиндеги Гиладтағы Ра-
мот, Менашше урыўының жерлери
ишиндеги Башандағы Голан еди.
9 Бул қалалар израиллылар ҳәм
олар арасында жасайтуғын кел-
гинди адамлар ушын ажыратылды.
Егер олардың биреўи абайсызда
адам өлтирип қойса, өш алыўшы
әмеңгердиң қолынан өлим көрмеў
ушын, сол қалаларға қашып бара-
ды. Ол жәмийетшиликтиң алдын-
да ҳүким етилмегенше, сол жерде
қәўип-қәтерсиз болады.

### Лебийлилерге берилген қалалар

**21** 1 Лебий урыўының тий-
ре басшылары руўханий
Элазар, Нун улы Ешуа ҳәм Израил
урыўларының тийре басшыларына
барды. 2 Олар Қанан жериндеги Ши-
лода еди. Сонда лебийлилер оларға:
– Жаратқан Ийе Муўса арқалы
бизлерге жасаў ушын қалалар, мал-
ларымыз ушын қала әтирапындағы

жайлаўлар берилиўин буйырған
еди, – деди.
[3] Солай етип, израиллылар
Жаратқан Ийениң буйрығына қу-
лақ асып, лебийлилерге өз үлес-
леринен мына қалаларды ҳәм
олардың әтирапындағы жайлаў
жерлерди берди:
[4] Биринши шек Қоҳат тийрелери-
не түсти. Лебийли болған руўханий
Харонның урпақларына шек бо-
йынша Яҳуда, Шимон ҳәм Бенямин
урыўларынан он үш қала берилди.
[5] Ал Қоҳаттың басқа урпақларына
шек бойынша Эфрайым, Дан ҳәм
Менашше урыўының ярымына ти-
йисли болған тийрелерден алын-
ған он қала берилди.
[6] Гершон урпақларына шек бо-
йынша Иссахар, Ашер, Нафталий
урыўларына тийисли болған тий-
релерден ҳәм Башандағы Менаш-
ше урыўының ярымынан алынған
он үш қала берилди.
[7] Тийре санына қарай, Мерарий
урпақларына Рубен, Гад ҳәм Зебу-
лон урыўларынан алынған он еки
қала берилди.
[8] Солай етип, Жаратқан Ийениң
Муўса арқалы буйырғанындай, из-
раиллылар шек таслап, усы қала-
ларды жайлаўлары менен бирликте
лебийлилерге берди.
[9] Яҳуда ҳәм Шимон урыўлары-
нан алынған ҳәм төменде атлары
аталатуғын қалалар [10] лебийли Қо-
ҳат тийрелеринен болған Харон-
ның урпақларына берилди. Себеби
биринши шек оларға түскен еди.
[11] Оларға Яҳуданың таўлы үлкесин-
деги Анақтың урпақларының түп
бабасы болған Арбаның аты менен
аталған Кирят-Арба, яғный Хеброн
ҳәм оның әтирапындағы жайлаўлар
берилди. [12] Ал қаланың атызлары
менен аўыллары болса, Ефунне улы
Калебке мүлик етип берилген еди.
[13] Руўханий Харонның урпақла-
рына абайсызда адам өлтиргенлер
паналайтуғын Хеброн қаласын,
Либнаны, [14] Яттир, Эштемоа,
[15] Холон, Дебир, [16] Айын, Ютта
ҳәм Бейт-Шемеш қалалары менен
олардың жайлаўлары, яғный Яҳу-
да ҳәм Шимон урыўларынан бар-
лығы болып тоғыз қала берилди.
[17] Ал Бенямин урыўынан Гибон,
Геба, [18] Анатот ҳәм Алмон деген
төрт қала жайлаўлары менен бир-
ликте берилди.
[19] Солай етип, Харон урпағынан
шыққан руўханийлерге жайлаўла-
ры менен бирликте берилген қала-
лардың саны барлығы болып он
үшке жетти.
[20] Лебий урыўының Қоҳат тийре-
лериниң қалған адамларына Эфра-
йым урыўынан мына қалалар үлес
етип берилди: [21] Эфрайымның таў-
лы үлкесиндеги абайсызда адам
өлтиргенлер паналайтуғын Ше-
хем қаласы ҳәм Гезер, [22] Кибсайым,
Бейт-Хорон деген төрт қала жайлаў-
лары менен бирликте берилди. [23] Ал
Дан урыўынан Элтеке, Гиббетон,
[24] Айялон ҳәм Гат-Риммон деген
төрт қала жайлаўлары менен бир-
ликте берилди. [25] Менашше урыўы-
ның ярымынан жайлаўлары менен
бирликте Таанах ҳәм Гат-Риммон
деген еки қала берилди. [26] Солай
етип, Қоҳаттың қалған урпақла-
рына жайлаўлары менен бирликте
барлығы болып он қала берилди.
[27] Лебий урыўынан болған Гер-
шонның урпақларына Менашше

урыўының ярымына тийисли бол-
ған еки қала: Башандағы абайсыз-
да адам өлтиргенлер паналайтуғын
Голан қаласы ҳәм Беештера қа-
ласы жайлаўлары менен бирлик-
те берилди. 28 Иссахар урыўынан
болса, жайлаўлары менен бирлик-
те Кишйон, Даберат, 29 Ярмут ҳәм
Эн-Ганним деген төрт қала берил-
ди. 30 Ашер урыўынан жайлаўла-
ры менен бирликте Мишал, Абдон,
31 Хелқат ҳәм Рехоб деген төрт қа-
ла берилди. 32 Нафталий урыўынан
үш қала жайлаўлары менен бир-
ликте берилди: олар Хаммот-Дор,
Қартан ҳәм абайсызда адам өлтир-
генлер паналайтуғын Галиладағы
Кедеш қаласы. 33 Тийре санына қа-
рай, Гершонның урпақларына жай-
лаўлары менен бирликте барлығы
болып он үш қала берилди.

34 Қалған лебийлилерге, яғный
Мерарийдиң урпақларының тийре-
лерине Зебулон урыўынан алынған
Иоқнеам, Қарта, 35 Димна ҳәм На-
ҳалал деген төрт қала жайлаўлары
менен бирликте берилди. 36 Рубен
урыўынан алынған Бесер, Яҳаса,
37 Кедемот ҳәм Мефаат деген төрт
қала жайлаўлары менен бирликте
берилди. 38 Гад урыўынан Гиладта-
ғы паналайтуғын Рамот қаласы ҳәм
Маханайым, 39 Хешбон ҳәм Язер
қалалары барлығы болып төрт қа-
ла жайлаўлары менен бирликте
берилди. 40 Тийре санына қарай,
лебийлилердиң қалған тийрелери-
не, яғный Мерарийдиң урпақлары-
на үлес етип берилген қалалардың
саны барлығы болып он еки еди.

41 Израиллылардың жерлеринен
лебийлилерге жайлаўлары менен
бирликте барлығы болып қырық
сегиз қала берилди. 42 Бул қала-
лардың ҳәммесиниң әтирапында
жайлаўлары бар еди. Жайлаўсыз
қала жоқ еди.

### Израиллылардың жерди толық ийелеп алыўы

43 Солай етип, Жаратқан Ийе
ата-бабаларына бериўге ант иш-
кен барлық жерлерди израиллы-
ларға берди. Израиллылар сол
жерлерди ийелеп, мәкан басты.
44 Жаратқан Ийе ата-бабаларына
ант ишкениндей, оларды ҳәр тә-
реплеме тынышлыққа еристирди.
Ҳеш бир душпаны оларға қарсы ту-
ра алмады. Жаратқан Ийе душпан-
ларының ҳәммесин оларға тәслим
етти. 45 Жаратқан Ийениң Израил
халқына берген ҳеш бир ийгилик-
ли сөзи орынланбай қалмады, ҳәм-
меси иске асты.

### Шығыстағы урыўлардың қайтыўы

**22** 1 Буннан соң, Ешуа Рубен
ҳәм Гад урыўлары менен
Менашше урыўының ярымын
жыйнады да, 2 оларға былай деди:
– Сизлер Жаратқан Ийениң қу-
лы Муўсаның өзлериңизге буйыр-
ған ҳәр бир нәрсесин иследиңлер.
Мениң ҳәмме буйрықларыма да
бойсындыңлар. 3 Соншама ўақыт
даўамында, бүгинге дейин туўыс-
қанларыңызды жалғыз таслап кет-
педиңлер. Құдайыңыз Жаратқан
Ийениң сизлерге берген буйры-
ғын орынладыңлар. 4 Минекей,
Құдайыңыз Жаратқан Ийе туўыс-
қанларыңызға ўәде қылғанындай,
оларды тынышлыққа еристир-
ди. Енди Жаратқан Ийениң қулы

Муўсаның Иордан дәрьясының
арғы жағасында сизлерге мүлик
қылып берген жерлердеги үйлери-
ңизге қайтыңлар. 5 Бирақ Жаратқан
Ийениң қулы Муўсаның сизлерге
берген буйрықларын ҳәм Ныза-
мын мұқыятлы түрде орынлаң-
лар. Қудайыңыз Жаратқан Ийени
сүйиңлер, Оның жолы менен жү-
рип, буйрықларын орынлаңлар.
Оған садық болыңлар, Оған шын
жүрегиңиз ҳәм жан-тәниңиз бенен
хызмет етиңлер.

6 Соңынан Ешуа оларға ақ пә-
тиясын берип, жолға атландырды.
Солай етип, олар үйлерине қай-
тып кетти.

7 Муўса Менашше урыўының
ярымына Башанда жер берген еди.
Ешуа болса, Менашше урыўының
қалған ярымына Иордан дәрьясы-
ның батысынан, басқа туўысқан-
лары арасынан жер берди.

Ешуа оларды үйлерине қайтарып
атырып, оларға ақ пәтиясын берип:
8 – Үйлериңизге үлкен байлық
пенен, жүдә көп мал, гүмис, алтын,
мыс, темир ҳәм жүдә көп кийим-
кеншек пенен қайтып баратыр-
сызлар. Душпанларыңыздан олжа
қылып алған нәрселериңизди ту-
ўысқанларыңыз бенен бөлисиң-
лер, – деди.

9 Солай етип, Рубен ҳәм Гад урыў-
лары менен Менашше урыўының
ярымы Қанан жериндеги Шилодан,
израиллылардың жанынан кетти.
Олар Жаратқан Ийениң буйрығы
бойынша, Муўса арқалы өзлери
мүлик етип алған Гилад жерине
қайтыў ушын жолға шықты.

10 Рубен ҳәм Гад урыўлары ме-
нен Менашше урыўының ярымы
Иордан дәрьясына жақын орна-
ласқан Қанан жериндеги аймақ-
қа келгенде, дәрьяның жағасында
көриниси үлкен болған қурбан-
лық орын қурды. 11 Израил хал-
қына: «Рубен ҳәм Гад урыўлары
менен Менашше урыўының ярымы
Қанан елиниң шегарасында, Иор-
дан дәрьясының жағасында, из-
раиллыларға тийисли жерде бир
қурбанлық орын қурды», – деген
хабар жетти. 12 Израил халқы бул
хабарды еситкенде, оларға қарсы
урысыў ушын пүткил жәмийет Ши-
лоға жыйналды.

13 Сонда израиллылар руўханий
Элазардың улы Пинехасты Гилад
жерине, Рубен ҳәм Гад урыўлары
менен Менашше урыўының яры-
мына жиберди. 14 Оның менен бир-
ге Израил урыўларынан он көсем
кетти. Бул көсемлердиң ҳәр бири
Израил тийрелериниң ишиндеги
өз қәўимлерине басшы еди. 15 Олар
Гилад жерине, Рубен ҳәм Гад урыў-
лары менен Менашше урыўының
ярымына келип былай деди:

16 – Жаратқан Ийениң пүткил жә-
мийети былай дейди: «Сизлер неге
Израилдың Қудайына қыянет ет-
тиңлер? Неге бүгин сизлер өзлери-
ңиз ушын қурбанлық орын қурып,
Жаратқан Ийеден ўаз кештиңлер
ҳәм Оған қарсы бас көтердиңлер?
17 Бизлерге Пеор таўындағы гүна-
мыз[a] аз ба еди? Жаратқан Ийениң
жәмийети сол гүна себепли бәлеге
жолыққан еди. Бизлер усы күнге
дейин өзлеримизди бул гүнадан

---

a **22:17** Сан 25:1-9.

тазалай алмадық. 18 Сизлер бүгин
Жаратқан Ийеден ўаз кештиңиз!
Егер сизлер бүгин Жаратқан Ийе-
ге қарсы қозғалаң көтерсеңиз, Ол
да ертең пүткил Израил жәмийе-
тине ғәзепленеди. 19 Егер сизлер-
ге тийисли жерлер ҳадал болмаса,
Жаратқан Ийениң шатыры турған
Оған тийисли жерге келип, ара-
мыздағы жерден үлес алыңлар. Өз-
лериңизге Қудайымыз Жаратқан
Ийениң қурбанлық орнынан бас-
қа бир қурбанлық орын қурып,
Жаратқан Ийеге ҳәм бизлерге қар-
сы қозғалаң көтермеңлер. 20 Зерах
улы Ахан бағышланған олжадан
алып, қыянет еткенде, пүткил Из-
раил жәмийети ғәзепке ушырама-
ды ма? Аханның гүнасы ушын тек
оның өзи ғана өлимге дуўшар бол-
мады-ғо!»
21 Сонда Рубен ҳәм Гад урыўлары
менен Менашше урыўының ЯрЫ-
мы Израилдың тийре басшылары-
на былай деп жуўап берди:
22 – Жаратқан Ийе – қудайлар
Қудайы! Жаратқан Ийе – қудай-
лар Қудайы! Ол булардың барлы-
ғын биледи ҳәм Израил да билип
қойсын: егер бизлер ислеген иси-
мизди Жаратқан Ийеге қарсы қоз-
ғалаң көтериў ямаса Оған қыянет
ислеў мақсетинде ислеген болсақ,
онда бүгин Жаратқан Ийе бизлер-
ди аямасын! 23 Егер бизлер қурбан-
лық орынды Жаратқан Ийеден ўаз
кешиў ушын, жандырылатуғын
қурбанлықларды, ғәлле садақала-
рын ямаса татыўлық қурбанлық-
ларын бериў ушын қурған болсақ,
Жаратқан Ийениң Өзи бизлер-
ди жазаласын. 24 Бизлер бул ис-
ти мынадан тәшиўишленгенимиз
себепли ислеген едик: келешекте
сизлердиң урпақларыңыз бизлер-
диң урпақларымызға: «Израилдың
Қудайы Жаратқан Ийе менен сиз-
лердиң қандай байланысыңыз бар?
25 Ҳәй, Рубен ҳәм Гад урпақлары!
Жаратқан Ийе сизлер менен биз-
лердиң арамызға Иордан дәрьясын
шегара қылып қойған. Сизлердиң
Жаратқан Ийеге ҳеш қандай қатна-
сыңыз жоқ», – деп бизлердиң ур-
пақларымыздың Жаратқан Ийеден
қорқып жасаўына тосқынлық жа-
саўы мүмкин. 26 Сонлықтан бизлер
өзлеримиз ушын қурбанлық орын
қурыўды шештик. Буны жанды-
рылатуғын қурбанлық ҳәм басқа
қурбанлықлар ушын емес, 27 ал тек
сизлер менен бизлердиң арамызда
ҳәм келешек әўладлар арасында
гүўалық болыўы ушын иследик.
Солай етип, бизлер де Жаратқан
Ийениң алдында жандырылату-
ғын қурбанлықларымыз, татыў-
лық қурбанлықларымыз ҳәм басқа
қурбанлықларымыз бенен Оған
сыйынажақпыз. Сонда сизлердиң
урпақларыңыз келешекте бизлер-
диң урпақларымызға: «Жаратқан
Ийеге ҳеш қандай қатнасыңыз
жоқ», – деп айта алмайды. 28 Солай
етип, бизлер былай ойладық: келе-
шекте бизлерге ямаса болажақ ур-
пақларымызға усылай десе, бизлер:
«Ата-бабаларымыздың Жаратқан
Ийеге арнап қурған қурбанлық
орынның нусқасына қараңлар. Бул
орын жандырылатуғын ямаса бас-
қа қурбанлықлар ушын емес, ал
бизлер менен сизлердиң араңызда
гүўалық болыў ушын қурылған», –
деймиз. 29 Бизлер Жаратқан Ийеге
қарсы қозғалаң көтериўден, бүгин

Оннан ўаз кешиўден, жандырыла-
туғын қурбанлықлар, ғәлле сада-
қалары ямаса басқа қурбанлықлар
бериў ушын Қудайымыз Жаратқан
Ийениң шатырының алдында тур-
ған қурбанлық орыннан басқа би-
реўин қурыўдан аўлақпыз.
30 Руўханий Пинехас ҳәм оның
менен бирге болған жәмийет бас-
шылары, яғный Израилдың тийре
басшылары Рубен ҳәм Гад урыўла-
ры менен Менашше урыўының яры-
мының айтқан сөзлерин еситкенде
кеўиллери толды. 31 Сонлықтан
руўханий Элазардың улы Пинехас
Рубен ҳәм Гад урыўлары менен Ме-
нашше урыўының ярымына:
– Енди Жаратқан Ийениң арамыз-
да екенин билемиз. Себеби сизлер
Оған қыянет етпедиңиз ҳәм изра-
иллыларды Оның жазасынан қут-
қардыңыз, – деди.
32 Руўханий Элазардың улы Пи-
нехас ҳәм басшылар Рубен ҳәм Гад
урыўлары жасайтуғын Гилад жери-
нен Қанан жерине, израиллыларға
қайтып келип, не болғанын айтып
берди. 33 Израиллылар бул хабар-
ға кеўли толып, Қудайға алғыслар
айтты. Олар Рубен ҳәм Гад урыўла-
рына қарсы урыс ашыў ҳәм олар-
дың жасайтуғын жерлерин ўайран
етиў ҳаққында қайтып аўыз аш-
пады. 34 Рубен ҳәм Гад урыўлары:
«Бул қурбанлық орын – бизлер-
диң арамызда Жаратқан Ийениң
Қудай екенине гүўа» деп, орынды
«Гүўа» деп атады.

### Ешуаның хошласыў сөзлери

**23** 1 Жаратқан Ийе Израилды
әтирапындағы барлық душ-
панларынан қутқарып тынышлыққа
еристиргеннен соң, көп жыллар өтти.
Ешуа болса қартайып, бираз жасқа
барып қалған еди. 2 Сонда ол пүткил
Израил халқын, олардың ақсақалла-
рын, тийре басшыларын, қазыларын
ҳәм қадағалаўшыларын шақырып
алып, оларға былай деди:
– Мен қартайып, бираз жас-
қа барып қалдым. 3 Қудайыңыз
Жаратқан Ийениң сизлер ушын бул
барлық халықларға нелер ислеге-
нин көрдиңлер. Өйткени Қудайы-
ңыз Жаратқан Ийениң Өзи сизлер
ушын урысты. 4 Минекей, мен Иор-
дан дәрьясынан баслап, күн батар
тәрептеги Жер Орта теңизине де-
йин жасаған барлық халықларды
жоқ етип, олардың жерлерин де,
еле жоқ қылынбаған халықлардың
жерлерин де сизлердиң урыўлары-
ңызға бөлип бердим. 5 Қудайыңыз
Жаратқан Ийе бул халықларды
қуўып шығарып, алдыңыздан ше-
гиндиреди ҳәм Өзи сизлерге ўәде
еткениндей, сизлер олардың жер-
лерин ийелейсизлер. 6 Сонлықтан
сизлер Муўсаның Нызам китабын-
да жазылған ҳәр бир нәрсени орын-
лаў ушын жүдә күшли болыңлар.
Жазылғанлардан я оңға, я солға
аўып кетпеңлер. 7 Араңызда қал-
ған халықлар менен ҳеш қандай
қарым-қатнас жасамаңлар. Олар-
дың қудайларының атларын тилге
алмаңлар ҳәм олардың атлары ме-
нен ант ишпеңлер. Сол қудайларға
хызмет етпеңлер ҳәм табынбаңлар.
8 Бүгинги күнге дейин ислеп кел-
гениңиздей, Қудайыңыз Жаратқан
Ийеге садық қалыңлар. 9 Себеби
Жаратқан Ийе уллы ҳәм күшли ха-
лықларды сизлердиң алдыңыздан
қуўып шығарды. Бүгинги күнге

дейин ҳеш ким сизлерге қарсы ту-
ра алмады. [10] Сизлердиң араңызда-
ғы биреўиңиз мың адамды қуўып
шығарады. Өйткени Қудайыңыз
Жаратқан Ийениң ўәде еткенин-
дей, Оның Өзи сизлер ушын уры-
сады. [11] Сонлықтан Қудайыңыз
Жаратқан Ийени сүйиўде жүдә му-
қыятлы болыңлар. [12] Ал егер сиз-
лер Оннан жүз бурып, араңыздағы
қалған сол халықлар менен аралас-
саңыз, олар менен қыз алысып, қыз
берисетуғын болсаңыз, қарым-қат-
нас жасасаңыз, [13] онда билип қо-
йыңлар: Қудайыңыз Жаратқан Ийе
сол халықларды енди алдыңыздан
қуўып шығармайды. Оның сизлер-
ге берген усы жақсы жеринен жоқ
болынғаныңызша, бул халықлар
сизлер ушын дузақ, қақпан, арқа-
ңызға қамшы ҳәм көзлериңизге
тикен болады.

[14] Минекей, мениң де бул
дүньядан өтетуғын ўақтым кел-
ди. Қудайыңыз Жаратқан Ийе-
ниң сизлерге берген ўәделериниң
ҳеш бири босқа шықпағанын шын
жүрегиңиз ҳәм жан-тәниңиз бе-
нен билесизлер. Олардың ҳәммеси
орынланды, ҳеш бири орынланбай
қалмады. [15] Қудайыңыз Жаратқан
Ийе сизлерге берген ўәделериниң
ҳәммесин қалай орынлаған болса,
Ол Өзи берген усы жақсы жерден
сизлерди жоқ етпегенше, айтқан
барлық жаманлықларын да солай
басыңызға салады. [16] Егер Қудайы-
ңыз Жаратқан Ийениң сизлерге
орынлаң деп буйырған келисимин
бузсаңыз ҳәм барып, басқа қудай-
ларға хызмет етип, оларға табын-
саңыз, Жаратқан Ийениң сизлерге
ғәзеби тутанады. Сонда сизлер Ол
берген бул жақсы жерден тез арада
қырылып кетесизлер.

### Шехемде жаңаланған келисим

**24** [1] Ешуа пүткил Израил
урыўларын Шехемге топ-
лап, Израилдың ақсақалларын,
тийре басшыларын, қазыларын
ҳәм қадағалаўшыларын шақыртты.
Олардың ҳәммеси келип, Қудай-
дың алдында турды. [2] Сонда Ешуа
пүткил халыққа былай деди:

– Израилдың Қудайы Жаратқан
Ийе былай дейди: «Сизлердиң
ата-бабаларыңыз ески заманлар-
да Евфрат дәрьясының арғы жа-
ғасында жасап, басқа қудайларға
хызмет ететуғын еди. Олардың би-
ри Ибрайым менен Нахордың әке-
си Терах еди. [3] Бирақ Мен бабаңыз
Ибрайымды дәрьяның арғы жағы-
нан алып, пүткил Қанан жерлери
бойлап алып жүрдим. Оның ур-
пақларын көбейтип, оған Ысақты
бердим. [4] Ал Ысаққа болса, Яқып
пенен Эсаўды бердим. Эсаўға таў-
лы Сеир жерин мүлик етип бердим.
Яқып ҳәм оның уллары Мысырға
кетти. [5] Кейин Мен Муўса менен
Харонды тайынлап, Мысыр хал-
қының басына бәлелер жаўдыр-
дым ҳәм сизлерди Мысырдан алып
шықтым. [6] Аўа, Мен ата-бабала-
рыңызды Мысырдан алып шық-
тым. Олар Қызыл теңизге жетип
келгенде, мысырлылар саўаш ар-
балары ҳәм оның үстиндеги әскер-
лери менен ата-бабаларыңыздың
изинен теңизге дейин қуўып бар-
ды. [7] Ата-бабаларыңыз Жаратқан
Ийеге, Маған жалбарынып, жәр-
дем сорағанда, Мен олар менен мы-
сырлылар арасына қараңғылық

түсирдим. Мысырлылардың үстине
теңиз суўларын бастырып, оларды
шөктирдим. Сизлер Мениң Мы-
сырда не ислегенимди өз көзиңиз
бенен көрдиңиз. Сизлер шөлде узақ
ўақыт жасадыңыз.
8 Соңынан Мен сизлерди Иордан
дәрьясының арғы жағасында жаса-
ған аморлардың жерине әкелдим.
Олар сизлерге қарсы урысқанда,
Мен оларды сизлерге тәслим еттим.
Сизлер олардың жерлерин ийе-
ледиңиз. Мен оларды сизлердиң
алдыңыздан жоқ қылдым. 9 Моаб
патшасы Сиппор улы Балақ Изра-
илға қарсы урысқа шықты ҳәм ха-
бар жиберип, Беор улы Биламды
сизлерди нәлетлеў ушын шақырт-
ты. 10 Бирақ Мен Биламға қулақ
салыўды мақул көрмедим. Сон-
лықтан ол сизлерге пәтиясын бе-
риўге мәжбүр болды. Солай етип,
Мен сизлерди оның қолынан қут-
қардым. 11 Соңынан сизлер Иордан
дәрьясынан өтип, Ерихоға келди-
ңиз. Мен сизлерге қарсы урысқан
ерихолыларды, және де амор, периз,
қанан, хет, гиргаш, хиў ҳәм ебус ха-
лықларын сизлерге тәслим еттим.
12 Мен сизлерден алдын ешек ҳәр-
ре[a] жиберип, аморлардың еки пат-
шасын алдыңыздан қуўдым. Бул
ис сизлердиң қылышыңыз ямаса
оқ жайыңыз жәрдеминде ислен-
беди. 13 Солай етип, Мен сизлерге
өзлериңиз мийнет етпеген жерди
ҳәм өзлериңиз салмаған қалалар-
ды бердим. Сизлер бул жерлерде
жасап, өзлериңиз отырғызбаған
жүзим ҳәм зәйтүн бағларының
мийўелерин жеп атырсызлар».

14 Ешуа даўам етип былай деди:
– Сонлықтан Жаратқан Ийе-
ден қорқыңлар, Оған шын жүрек-
тен ҳәм садықлық пенен хызмет
етиңлер. Евфрат дәрьясының арғы
жағасында ҳәм Мысырда ата-ба-
баларыңыздың хызмет еткен қу-
дайларын таслап, Жаратқан Ийеге
хызмет етиңлер. 15 Егер Жаратқан
Ийеге хызмет еткиңиз келмесе, он-
да Евфрат дәрьясының арғы жаға-
сында ата-бабаларыңыздың хызмет
еткен қудайларына ямаса өзлери-
ңиз елинде жасап атырған аморлар-
дың қудайларына хызмет еткиңиз
келе ме? Бүгин усыны шешип алың-
лар. Ал мен ҳәм мениң хожалығым
Жаратқан Ийеге хызмет етемиз.
16 Халық жуўап берип былай деди:
– Жаратқан Ийени таслап, басқа
қудайларға хызмет етиўден аўлақ
болғаймыз! 17 Себеби бизлерди ҳәм
ата-бабаларымызды Мысыр елин-
деги қуллықтан алып шыққан, көз
алдымызда уллы кәраматлар ислеп,
пүткил жолымызда ҳәм халықлар
арасынан өткенимизде бизлерди
сақлаған Қудайымыз Жаратқан
Ийениң Өзи болады. 18 Ол бул ел-
де жасаған барлық халықларды
ҳәм аморларды алдымыздан қу-
ўып жиберди. Сонлықтан бизлер
де Оған хызмет етемиз. Өйткени
Ол – бизлердиң Қудайымыз.
19 Сонда Ешуа халыққа былай
деди:
– Бирақ сизлер Жаратқан Ийеге
хызмет ете алмайсызлар. Өйткени
Ол мухаддес ҳәм қызғаншақ Қудай.
Ол сизлердиң жынаятларыңызға
ҳәм гүналарыңызға сабыр етпейди.

a **24:12** *Ешек ҳәрре* – албыраў яки қорқыныш мәнисин билдириўи мүмкин.

20 Егер сизлер Жаратқан Ийени
таслап, жат қудайларға хызмет ет-
сеңиз, Өзи бурын сизлерге жақ-
сылық қылған болса да, енди Ол
сизлерден жүз бурады ҳәм сизлер-
ди бәлеге жолықтырып, жоқ етеди.
21 Халық Ешуаға:
– Яқ! Бизлер Жаратқан Ийеге хыз-
мет етемиз, – деп жуўап берди.
22 Сонда Ешуа халыққа:
– Жаратқан Ийеге хызмет етемиз
деп, таңлағаныңызға өзлериңиз гү-
ўасызлар, – деди.
– Аўа, өзлеримиз гүўамыз, – деп
жуўап берди халық.
23 Ешуа оларға:
– Олай болса, енди өзлериңизде-
ги жат қудайларды таслаңлар. Жү-
реклериңизди Израилдың Қудайы
Жаратқан Ийеге бериңлер, – деди.
24 Халық Ешуаға:
– Бизлер Қудайымыз Жаратқан
Ийеге хызмет етип, Оның сөзин
тыңлаймыз, – деп жуўап берди.
25 Ешуа сол күни Шехемде халық
ушын бир миннетлеме алды. Олар-
ға қағыйдалар ҳәм нызамлар бер-
ди. 26 Ешуа бул сөзлерди Қудайдың
Нызам китабына да жазып қойды.
Кейин бир үлкен тас алып, оны сол
жерге, Жаратқан Ийениң Мухаддес
мәканы жанындағы емен ағашы-
ның астына орнатты. 27 Соң Ешуа
пүткил халыққа:
– Минекей, бул тас бизлерге гү-
ўа болсын. Себеби ол Жаратқан
Ийениң бизлерге айтқан барлық
сөзлерин еситти. Қудайға берген
ўәдемизде турмасақ, бул тас биз-
лерге қарсы гүўа болады, – деди.
28 Буннан соң, Ешуа халықтың
барлығын мүлик етип алған өз жер-
лерине жиберди.

### Ешуаның өлими

29 Усы ўақыялардан кейин,
Жаратқан Ийениң қулы Нун улы
Ешуа бир жүз он жасында қайтыс
болды. 30 Оны Эфрайымның таўлы
үлкесиндеги Гааш таўының арқа тә-
репине, өзине үлес етип берилген
Тимнат-Серахқа жерледи. 31 Ешуа-
ның тири ўақтында ҳәм Ешуадан
кейин жасап, Жаратқан Ийениң
Израил ушын ислеген барлық ис-
лерин билген ақсақаллардың тири
ўақтында Израил халқы Жаратқан
Ийеге хызмет етти.
32 Израил халқы Мысырдан ке-
тип баратырып, Юсуптиң сүйегин
де өзлери менен бирге алып кет-
кен еди. Олар оны Яқыптың Ше-
хемдеги атызына жерледи. Яқып
бул атызды Шехемниң әкеси Ха-
мордың улларынан жүз кесита[a]
гүмиске сатып алған еди. Сол жер
Юсуптиң урпақларының мүлки
болды.
33 Харонның улы Элазар да қай-
тыс болды. Ол Эфрайымның таўлы
үлкесине, улы Пинехасқа берилген
Гиба қаласына жерленди.

---

a **24:32** *Кесита* – қандай да бир өлшем бирлик, оның аўырлығы белгисиз.

# Бийлер китабы

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Бийлер китабы бизлерди Израил халқының Қудайдан жүз бурған ҳәм бутларға табынған дәўири менен таныстырады. Бул китапта Ешуаның өлиминен соң, монархия дүзилисине тийкарланған ел пайда болғанға дейин жүз берген ҳәр түрли ўақыялар сөз етиледи. Китаптағы ҳәр түрли ўақыяларды оқып, олардың мазмунын түсингенимизде, Қудай Израил халқының жалғыз Ҳүкимдары екенин анық көре аламыз.

Израил халқы Қанан жерин ийелеп алғанда, Қудай оларға сол жерде жасап атырған халықларды қуўып жибериўди буйырған еди. Бирақ олар қуўып жибермеди ҳәм нәтийжеде Қудайдан жүз бурып, сол бутқа табыныўшы халықлардың жалған қудайларына кеўил қояды. Ақыбетинде, Қудай Израил халқын бутқа табынғаны ушын жазалап, оларды әтирапында жасап атырған Қанан халықларына бағындырып қояды. Жәбирленген Израил халқы Қудайға жалбарынып, Оннан жәрдем сорайды. Сонда Қудай Өз халқын азат қылыў ушын оларға избеиз жолбасшыларды жибереди. Бул жолбасшылар бийлер деп аталады. Бийлердиң басшылығында Израил халқы душпанларының үстинен жеңиске ериседи. Кейин олар ушын абадан турмыс басланады. Израил халқы бийлердиң тири ўақтында Қудайға садық болады. Бирақ ҳәр бир бийдиң өлиминен соң, олар және Қудайдан жүз бурады. Бундай ҳәдийселер қайта-қайта тәкирарланады.

Әдетте бийлер бир неше урыўға жолбасшылық қылатуғын еди, бирақ айырымлары пүткил халықты басқарады. Сол ўақытта Израил халқы тарқалған урыўлардан ибарат болып, еле бир ел деп есапланбайтуғын еди. Олардың патшасы болмағаны ушын, сол дәўирде «ҳәр ким өзине дурыс болып көринген исти ислейтуғын еди» (21:25).

## Израиллылардың аман қалған қананлылар менен урысыўы

**1** 1 Ешуаның өлиминен кейин, Из-
раил халқы Жаратқан Ийеден:
«Қананлылар менен урысыўға биз-
лерден биринши болып ким бара-
ды?» – деп сорады.
2 Жаратқан Ийе оларға: «Яҳуда
урыўы барады, Қанан үлкесин оған
тәслим қыламан», – деп жуўап берди.
3 Яҳуда урыўы туўысқанлары
Шимон урыўына: «Қананлылар ме-
нен урысыў ушын, бизлердиң пайы-
мызға тийген жерге бизлер менен
бирге барың. Соңынан бизлер де
сизлердиң пайыңызға тийген жер-
ге сизлер менен бирге барамыз», –
деди. Солай етип, Шимон урыўы
Яҳуда урыўы менен бирге кетти.
4 Яҳуда урыўы урысқа шықты ҳәм
Жаратқан Ийе қананлылар менен
перизлерди оларға тәслим қылды.
Яҳуда урыўы Безекте олардан он
мың адамды өлтирди. 5 Сол жер-
де олар Адоний-Безек пенен ушы-
расып, оның менен урысты ҳәм
қананлылар менен перизлерди же-
ңилиске ушыратты. 6 Адоний-Безек
қашып кетти, бирақ олар оны қу-
ўып жетип, услап алды да, қол ҳәм
аяқларының бас бармақларын ке-
сип таслады. 7 Сонда Адоний-Безек:
«Қол ҳәм аяқларының бас бармақ-
лары кесилген жетпис патша мениң
дастурханымнан түскен усақларды
терип жеген еди. Енди болса, ме-
ниң оларға ислегенлеримди Қудай
алдыма келтирди», – деди.
Олар Адоний-Безекти Ерусалимге
алып келди ҳәм ол сол жерде өлди.
8 Яҳуда урыўы Ерусалимге ҳүжим
жасап, қаланы басып алды ҳәм хал-
қын қылыштан өткерип, қалаға от
берди. 9 Соннан кейин, олар таўлы
үлкеде, Негебте ҳәм батыстағы таў
етеклеринде жасайтуғын қананлы-
лар менен урысыў ушын жолға түс-
ти. 10 Ески аты Кирят-Арба болған
Хебронда жасайтуғын қананлылар-
ға қарсы атланыс жасап, Шешай,
Ахиман ҳәм Талмай деген тийре-
лерди жеңип шықты. 11 Ол жерден
олар ески аты Кирят-Сефер бол-
ған Дебир қаласының халқына да
қарсы урыс ашты. 12 Сонда Калеб:
– Кирят-Сефер халқын жеңип,
ол жерди қолға киргизген адамға
қызым Ахсаны ҳаяллыққа бере-
мен, – деди.
13 Қаланы Калебтиң иниси, Ке-
наздың улы Отниел қолға киргиз-
ди. Сонлықтан Калеб қызы Ахсаны
оған ҳаяллыққа берди. 14 Қыз От-
ниелдиң жанына барғанда, ол кү-
йеўин үгитлеп:
– Әкемнен бир атыз сора, – деди.
Калеб ешектен түсип атырған
қызынан:
– Қандай тилегиң бар? – деп сорады.
15 Қыз әкесине:
– Маған бир енши берсең. Мени
Негеб шөлине узатқан екенсең, енди
маған суў булақларын бер, – деди.
Солай етип, Калеб қызына жоқарғы
ҳәм төменги суў булақларын берди.
16 Муўсаның қәйин атасының ур-
пақлары болған кенлер Яҳуда уры-
ўы менен бирге Пальма қаласынан[a]

---

a **1:16** *Пальма қаласы* – бул 3:13 аят сыяқлы Ерихо қаласы ямаса басқа жер бо-
лыўы мүмкин.

шығып, Арадтың қубласындағы
Яҳуда шөлинде жасаўға кетти ҳәм
сол жердеги халықлар арасына ор-
наласты.
17 Соннан кейин, Яҳуда урыўы
туўысқанлары Шимон урыўы ме-
нен бирге барып, Сефат қаласында
жасап атырған кананлыларды қый-
ратты ҳәм олардың қаласын толы-
ғы менен жоқ етти. Солай етип, ол
жер Хорма[a] деп аталды. 18 Яҳуда
урыўы Газаны, Ашкелонды, Эк-
ронды ҳәм оларға тийисли жер-
лерди де басып алды.
19 Жаратқан Ийе Яҳуда урыўы
менен бирге болғанлықтан, олар
таўлы үлкени қолға киргизди. Ал
ойпатлықта жасап атырған халық-
тың темирден исленген саўаш арба-
лары болғанлықтан, оларды қуўа
алмады. 20 Олар Муўсаның айтып
кеткениндей, Хебронды Калебке
берди. Калеб ол жерден анақлар-
дың үш тийресин қуўып шығарды.
21 Бирақ Бенямин урыўы Еруса-
лимде жасап атырған ебуслылар-
ды қуўмады. Ебуслылар бүгинги
күнге дейин Бенямин урыўы ме-
нен бирге жасап киятыр.

### Эфрайым ҳәм Менашше урыўларының Бейт-Элди басып алыўы

22 Юсуптиң урпағы Бейт-Эл-
ге ҳүжим жасады. Жаратқан Ийе
олар менен бирге еди. 23 Юсуптиң
урпағы бурынғы аты Луз болған
Бейт-Эл қаласына жансызларды
жибергенде, 24 олар қаладан шы-
ғып киятырған бир адамды көр-
ди. Сонда олар:
– Қалаға кирер жолды көрсетсең,
саған жақсылық ислеймиз, – деди.
25 Солай етип, сол адам оларға қа-
лаға киретуғын жолды көрсетти.
Олар қала халқын қылыштан өт-
кергенде, оған ҳәм оның ағайин-
туўғанларына тиймеди. 26 Сол адам
хетлердиң жерине көшип барды
ҳәм сол жерге қала қурып, оның
атын Луз деп атады. Бул қала ҳә-
зирге дейин усы ат пенен аталады.

### Израиллылардың қанан ҳәм амор халықларын толық қуўып шығармаўы

27 Менашше урыўы Бейт-Шеан,
Таанах, Дор, Иблеам, Мегиддо ҳәм
булардың әтирапындағы аўыллар-
да жасайтуғын халықты қуўа ал-
мады. Себеби қананлылар беккем
қорғанып, сол жерде жасаўын да-
ўам етти. 28 Израиллылар күшке
толысқан ўақтында, қананлыларды
ерксиз хызметшиге айландырды,
бирақ оларды қуўып жибермеди.
29 Эфрайым урыўы да Гезерде жа-
сайтуғын қананлыларды ол жерден
қуўып жибермеди ҳәм қананлылар
Гезерде олардың арасында жасады.
30 Зебулон урыўы да Китрон
ҳәм Наҳалал қалаларындағы ха-
лықларды қуўмады. Зебулон
урыўының арасында қалған бул
қананлылар олар ушын ерксиз хыз-
метшиге айланды.
31 Ашер урыўына келсек, олар да
Акко, Сидон, Ахлаб, Ахзиб, Хел-
ба, Афек ҳәм Рехоб турғынларын
қуўмады. 32 Олар сол жерлердеги
қананлыларды қуўып шығармай,
олар менен бирге жасады.

---

[a] **1:17** *Хорма* – «пүткиллей жоқ етиў» ямаса «бағышланған» дегенди билдиреди.

33 Нафталий урыўы да Бейт-Ше-
меш ҳәм Бейт-Анат халқын қуўмай,
сол жердиң халқы болған қанан-
лылар менен бирге жасады ҳәм
қананлылар олар ушын ерксиз хыз-
метшиге айланды.
34 Аморлар Дан урыўына ойпат-
лыққа түсиўге жол қоймай, олар-
ды таўлы үлкелерде услап турды.
35 Аморлар Ҳар-Хересте, Айялонда
ҳәм Шаалбимде беккем қорғанып,
сол жерде қалды. Бирақ Юсуптиң
урпақлары күшке толысқанда,
аморлар олар ушын ерксиз хыз-
метшиге айланды.
36 Аморлардың шегарасы Ақраб-
бим бийиклигинен баслап Селаға,
оннан да арманыраққа дейин со-
зылған еди.

### Жаратқан Ийениң периштеси Бохимде

**2** 1 Жаратқан Ийениң периштеси
Гилгалдан Бохимге келип, из-
раиллыларға былай деди:
– Сизлерди Мысырдан шығарып,
ата-бабаларыңызға беремен деп ант
ишкен жерге алып келдим. Мен сиз-
лерге: «Сизлер менен дүзген келиси-
мимди ҳеш қашан бузбайман. 2 Ал
сизлер бул жерлерде жасап атырған-
лар менен келисим дүзбеңлер ҳәм
олардың қурбанлық орынларын
қыйратып таслаңлар», – деген едим.
Бирақ сизлер сөзиме қулақ салма-
дыңлар. Не ушын бундай иследиң-
лер? 3 Және де, Мен сизлерге: «Бул
халықларды сизлердиң араңыздан
қуўып шығармайман. Олардың өз-
лери сизлерге душпан, ал қудайлары
дузақ болады», – деп айтқан едим.
4 Жаратқан Ийениң периштеси
усы сөзлерди айтқанда, пүткил Из-
раил халқы дад салып жылай бас-
лады. 5 Сонлықтан олар сол жерди
Бохим[а] деп атады ҳәм сол жерде
Жаратқан Ийеге арнап қурбан-
лық шалды.

### Ешуаның өлими

6 Ешуа халықты тарқатып жи-
бергеннен соң, олардың ҳәр қай-
сысы өз пайына тийген жерлерди
ийелеп алыў ушын жолға шық-
ты. 7 Ешуаның тири ўақтында ҳәм
Жаратқан Ийениң Израил ушын
ислеген уллы ислерин көрип, Ешуа-
дан кейин өмир сүрген ақсақаллар
дәўиринде, халық Жаратқан Ийе-
ге хызмет етти. 8 Жаратқан Ийе-
ниң қулы Нун улы Ешуа бир жүз
он жасында қайтыс болды. 9 Оны
Эфрайымның таўлы үлкесиндеги
Гааш таўының арқа тәрепине, өзи-
ниң пайына тийген Тимнат-Херес
деген жерге жерледи.

### Израиллылардың Жаратқан Ийеден узақласыўы

10 Бул әўладтан болғанлардың
ҳәммеси өлип, ата-бабаларына қо-
сылғаннан соң, Жаратқан Ийени
танымайтуғын ҳәм Оның Израил
халқы ушын ислеген ислерин бил-
мейтуғын басқа бир әўлад өсип же-
тисти. 11 Израил халқы Жаратқан
Ийениң нәзеринде жаўыз болған
ислерди ислеп, Бааллларға табына
баслады. 12 Олар өзлерин Мысыр-
дан алып шыққан ата-бабалары-
ның Қудайы Жаратқан Ийеден жүз
бурып, әтираптағы халықлардың

---

а **2:5** *Бохим* – «жылап атыр» дегенди билдиреди.

қудайларына аўып кетти ҳәм олар-
ға табынды. Бул Жаратқан Ийениң
қәҳәрин келтирди. 13 Өйткени олар
Жаратқан Ийеден жүз бурып, Баал
ҳәм Аштарта бутларына табына
баслаған еди.

14 Сонлықтан Жаратқан Ийениң
Израил халқына ғәзеби қайнап,
оларды мүликлерин тонайту-
ғын басқыншылардың қолына
тапсырды. Жаратқан Ийе олар-
ды әтираптағы душпанларға тәс-
лим етти. Солай етип, артық олар
душпанларына қарсы тура алмады.
15 Жаратқан Ийениң айтқанын-
дай ҳәм ант ишкениндей, Израил
халқы ҳәр сапар саўашқа түскен-
де, Жаратқан Ийениң Өзи оларға
қарсы болды ҳәм олар аўыр аўҳал-
да қалды.

16 Сонда Жаратқан Ийе оларды
тонаўшылардың қолынан қутқа-
ратуғын бийлерди жиберди. 17 Би-
рақ олар бийлерди де тыңламады
ҳәм Жаратқан Ийеге опасызлық
етип, басқа қудайларға табынып
кетти. Олар Жаратқан Ийениң
буйрықларын орынлаған ата-баба-
лары сыяқлы болмай, ата-бабала-
ры жүрген жолдан тез азғырылды.
18 Жаратқан Ийе олар ушын бир
бий таңлап шығарғанда, Ол сол бий
менен бирге болды ҳәм сол бий жа-
саған ўақытта оларды душпанла-
рының қолынан қутқаратуғын еди.
Себеби олар езиўшилик ҳәм зулым
астында нала шеккенде, Жаратқан
Ийениң оларға реҳими келетуғын
еди. 19 Деген менен, бийлер өлиў-
ден-ақ, олар ата-бабаларынан да
бетер болып, және басқа қудайлар-
дың изине еретуғын, оларға хыз-
мет етип, табынатуғын еди. Олар
ислеген жаман ис-ҳәрекетлеринен
ҳәм қайсарлықтан ўаз кешпеди.

20 Солай етип, Жаратқан Ийениң
Израилға ғәзеби қайнап, былай
деди: «Бул халық Мениң ата-ба-
баларына орынлаң деп буйырған
келисимимди бузып, сөзиме қу-
лақ салмады. 21 Сонлықтан енди
Мен де Ешуа өлгенде, усы жерлер-
де қалған халықлардың ҳеш бирин
олардың алдынан қуўып шығар-
майман. 22 Ата-бабалары сыяқлы
Жаратқан Ийениң жолынан жүре-
туғынын ямаса жүрмейтуғынын
көриў ушын, оларды усы миллет-
лер арқалы сынайман».

23 Солай етип, Жаратқан Ийе сол
миллетлерди дәрҳал қуўып шы-
ғармаған ҳәм оларды Ешуаға тәс-
лим еттирмей, елде қалыўға рухсат
берген еди.

# 3

1-2 Қанандағы урыслардың ҳеш
бирине қатнаспаған барлық из-
раиллыларды сынаў ушын ҳәм ҳеш
саўаш тәжирийбеси болмаған жаңа
әўладлардың саўаш тәлимин үй-
рениўи ушын, Жаратқан Ийе қал-
дырған миллетлер мыналар еди:
3 филист халқының бес ҳүкимдары,
барлық қананлылар, сидонлылар
ҳәм Баал-Хермон таўынан Лебо-
Хаматқа дейинги аралықта Леба-
нон таўларында жасайтуғын хиўлер.
4 Жаратқан Ийе Израил халқын сы-
наў ушын ҳәм Муўса арқалы ата-
бабаларына берген буйрықларын
олардың орынлайтуғынын ямаса
орынламайтуғынын көриў ушын,
бул миллетлерди олардың елинде
қалдырған еди.

5 Солай етип, израиллылар қа-
нан, хет, амор, периз, хиў ҳәм ебус

халықларының арасында жасады.
[6] Олар менен қыз алысып, қыз бе-
ристи ҳәм олардың қудайларына
табынды.

### Отниел

[7] Израил халқы Жаратқан Ийе-
ниң нәзеринде жаўыз болған ислер-
ди иследи. Олар Қудайы Жаратқан
Ийени умытып, Баал ҳәм Ашера
бутларына табынды. [8] Сонлық-
тан Жаратқан Ийениң Израилға
қәҳәри келип, оларды Арам-На-
ҳарайым патшасы Кушан-Ришата-
йымға тәслим қылды. Олар сегиз
жыл Кушан-Ришатайымның қол
астында болды. [9] Бирақ израил-
лылар Жаратқан Ийеге нала ет-
кенде, Жаратқан Ийе оларға бир
қутқарыўшы жиберди. Олар-
ды қутқарған Калебтиң кишкене
иниси Кеназдың улы Отниел еди.
[10] Жаратқан Ийениң Руўхы Отни-
елдиң үстине түсип, ол Израилды
басқарды. Отниел урысқа шыққан-
да, Жаратқан Ийе Арам патшасы
Кушан-Ришатайымды оған тәслим
қылды ҳәм Отниел Кушан-Ришата-
йымнан үстин келди. [11] Солай етип,
ел Кеназ улы Отниелдиң өлими-
не дейин қырық жыл тынышлық-
та жасады.

### Эҳуд

[12] Соннан кейин, израиллылар
Жаратқан Ийениң нәзеринде және
жаўыз болған ислерди ислей бас-
лады. Соның ушын Жаратқан Ийе
Моаб патшасы Эглонды израил-
лыларға қарсы туратуғындай етип
күшке толтырды. [13] Патша Эглон
аммон ҳәм амалек халықларын
өзине бириктирип алып, Израил-
ға ҳүжим жасады. Олар Израилды
жеңилиске ушыратып, Пальма қа-
ласын[a] басып алды. [14] Солай етип,
израиллылар он сегиз жыл Моаб
патшасы Эглонның қол астында
қалды.

[15] Бирақ израиллылар Жаратқан
Ийеге нала еткенде, Жаратқан Ийе
олар ушын Эҳуд атлы бир қутқа-
рыўшыны жиберди. Бенямин уры-
ўынан болған Гераның улы Эҳуд
солақай еди. Бир күни израил-
лылар Эҳуд арқалы Моаб патша-
сы Эглонға салықларын жиберди.
[16] Эҳуд өзине узынлығы еки қарыс
келетуғын, еки жүзи бар бир қан-
жар ислеп алды ҳәм қанжарды ки-
йиминиң астына, оң санына байлап
қойды. [17] Эҳуд салықты Моаб пат-
шасы Эглонға апарып берди. Эг-
лон жүдә семиз адам еди. [18] Эҳуд
салықты бергеннен соң, салықты
көтерип апарған адамларды қайта-
рып жиберди. [19] Ал өзи болса, Гил-
галдың қасындағы тас бутлардың
жанынан кейнине қайтып келди
де, патшаға:

– Тақсыр, мениң сизге айтатуғын
бир сырым бар, – деди.

Патша оған:

– Үндеме, – деди де, қасындағы
адамлардың ҳәммесин сыртқа шы-
ғарып жиберди.

[20] Эҳуд жоқарыдағы салқын бөл-
месинде жалғыз қалған патшаға
жақынлап, оған:

– Сизге Қудайдан бир хабар алып
келдим, – дегенде, патша тахтынан
турды. [21] Эҳуд шеп қолы менен оң

---

a **3:13** *Пальма қаласы* – яғный Ерихо.

санындағы қанжарды алды да, пат-
шаның қарнына тықты. 22 Қанжар
патшаның қарнына сабы менен қо-
сыла кирип кетти. Эҳуд қанжарды
суўырып алмағанлықтан, қанжар
патшаның майлы қарнында қалып
қойды. 23 Эҳуд айўанға шықты да,
жоқарыдағы бөлмениң қапыларын
жаўып, қулыплап кетти. 24 Ол шы-
ғып кеткеннен кейин, патшаның
хызметшилери келип, жоқары-
дағы бөлмениң қапысының илик
турғанын көрди де, бир-бирине:
«Патшамыз салқын бөлмеде дә-
рет сындырып атырған шығар», –
дести. 25 Олар көп ўақыт күтсе де,
патша бөлмениң қапысын ашпады.
Сонлықтан олар гилтти алып, қа-
пыны ашып қараса, мырзасының
өлиги жерде жатыр екен.

26 Олар патшаны күтип турғанда,
Эҳуд тас бутлардың жанынан өтип,
Сеираға қашып кетти. 27 Эҳуд сол
жерге жетип барды да, Эфрайым-
ның таўлы үлкесине шығып, кәрнай
шертти. Израиллылар оның ме-
нен бирге таўлардан төменге түсти.
Эҳуд олардың алдында жол баслап
жүрди. 28 Эҳуд оларға:

– Изимнен жүриңлер, себеби
Жаратқан Ийе душпаныңыз бол-
ған моаблыларды сизлерге тәслим
етти, – деди. Эҳудтың изинен кия-
тырған израиллылар Моабқа өте-
туғын Иордан өткеллерин ийелеп,
ҳеш кимди өткермеди.

29 Олар моаблылардың он мыңға
шамалас қарыўлы ҳәм күшли ада-
мын өлтирди. Моаблылардың ҳеш
бири аман қалмады. 30 Сол күни
моаблылар израиллылардың қол
астына өтти. Ел сексен жыл пара-
хатшылықта жасады.

### Шамгар

31 Эҳудтан соң, Анат улы Шамгар
бий болды. Шамгар филистлердиң
алты жүз адамын өгиз айдайтуғын
таяқ пенен өлтирип, ол да израил-
лыларды қутқарды.

### Дебора ҳәм Барақ

4 1 Эҳудтың өлиминен кейин, Из-
раил халқы Жаратқан Ийениң
нәзеринде жаўыз болған ислерди
және ислей баслады. 2 Сонлықтан
да Жаратқан Ийе израиллыларды
Хасорда ҳүкимдарлық етип атыр-
ған қananлы патша Ябинге тәслим
қылды. Ябинниң Сисера деген бир
сәркәрдасы болып, ол Харошет-Го-
йымда жасайтуғын еди. 3 Ябинниң
тоғыз жүз темир саўаш арбасы бар
еди. Ол израиллыларды жигирма
жыл аяўсыз езгенликтен, израил-
лылар Жаратқан Ийеге нала шекти.

4 Сол ўақытлары пайғамбар ҳаял,
Лаппидоттың ҳаялы Дебора изра-
иллыларға бийлик қылатуғын еди.
5 Дебора Эфрайымның таўлы үлке-
синде, Рама менен Бейт-Эл арасын-
дағы пальма ағашының астында
отырып, алдына келген израил-
лылардың даўларын шешетуғын
еди. 6 Бир күни Дебора Абиноам
улы Барақты Кедеш-Нафталийден
шақыртып алып, оған:

– Израилдың Қудайы Жаратқан
Ийе қасыңа Нафталий ҳәм Зебу-
лон урыўларынан он мың адамды
алып, Табор таўына барыўыңды
буйырады. 7 Ол патша Ябинниң
сәркәрдасы Сисераны, оның саўаш
арбаларын ҳәм әскерлерин Кишон
сайына, сениң алдыңа апарып, са-
ған тәслим қылады, – деди.

8 Барақ Дебораға:
– Егер мениң менен бирге барсаң, бараман. Ал бирге бармасаң, бармайман, – деди.
9 Дебора:
– Әлбетте, сениң менен бирге бараман, бирақ сен тутқан бул жол өзиңе даңқ алып келмейди. Себеби Жаратқан Ийе Сисераны бир ҳаялға тәслим етежақ, – деди.
Солай етип, Дебора Барақ пенен
бирге Кедешке кетти. 10 Барақ Зебу-
лон ҳәм Нафталий урпақларын Кедешке жыйнады. Барақтың изине он мың адам ерди. Дебора да оның менен бирге кетти.
11 Кен тийресинен болған Хебер Муўсаның қәйин атасы Хобабтың урпағынан болған тийрелеслеринен бөлек шығып, Кедешке жақын жердеги Саананнимдеги теребинф ағашының жанына шатырын тиккен еди.
12 Абиноам улы Барақтың Табор
таўына шыққанын еситкен Сисера
13 тоғыз жүз темир саўаш арбасын ҳәм қасындағы барлық әскерлерин Харошет-Гойымнан шығарып, Кишон сайына топлады.
14 Дебора Бараққа:
– Қәне, атлан! Себеби бул күн – Жаратқан Ийениң Сисераны саған тәслим ететуғын күни. Жаратқан Ийе сениң алдыңда барады, – деди.
Солай етип, Барақ он мың адамды
ертип, Табор таўынан түсти. 15 Ба-
рақ ҳүжим қылғанда, Жаратқан Ийе Сисераны, оның саўаш арбаларын ҳәм әскерлерин албыратты. Сонда Сисера саўаш арбасынан
түсип, жаяў қашып кетти. 16 Ба-
рақ оның саўаш арбаларын ҳәм әскерлерин Харошет-Гойымға дейин қуўып барды. Сисераның пүткил әскерлери қылыш жүзинен өткерилди. Ҳеш бири аман қалмады.
17 Ал жаяў қашып кеткен Сисера болса, кенлерден болған Хебердиң ҳаялы Иелдиң шатырына келди. Өйткени Хасордың патшасы Ябин менен Хебердиң шаңарағы арасындағы қарым-қатнас жақсы еди.
18 Иел Сисераны күтип алыўға шығып, оған:
– Қорқпаң, мырзам. Келиң, шатырыма кириң, – деди. Сисера ҳаялдың шатырына киргенде, ҳаял оның үстине бир жапқышты жаўып қойды.
19 Сисера:
– Шөлледим, өтиниш, ишиўге азмаз суў бер, – деди.
Иел сүт месин ашып, Сисераға сүт ишкизгеннен кейин, оның үстин және жаўып қойды.
20 Сисера ҳаялға:
– Шатырдың кирер аўзында тур. Егер биреў келип: «Шатырыңда ким бар?» – деп сораса, «Ҳеш ким жоқ», – деп жуўап бер, – деди.
21 Хебердиң ҳаялы Иел қолына шатырдың бир қазығы менен балғаны алды. Ол шаршағанлықтан қатты уйқыға кеткен Сисераның қасына әсте жақынлап барды да, қазықты оның шекесине қақты ҳәм қазық тесип өтип, жерге кирип
кетти. Сисера сол заматта-ақ өлди.
22 Сол ўақытта Барақ Сисераны қу-
ўып киятырған еди. Иел Барақтың алдынан шығып, оған:
– Ишке кир, излеп киятырған адамыңды саған көрсетейин, – деди.
Барақ ҳаялдың шатырына кирип барғанда, шекесине қазық қағылып, өлип атырған Сисераны көрди.

23 Солай етип, Қудай сол күни
қананлы патша Ябинди Израил
халқына бойсындырды. 24 Изра-
ил халқы қанан патшасы Ябинге
күннен-күнге қарсы турып, ақы-
рында оны жоқ қылды.

### Дебора ҳәм Барақтың жыры

5 1 Дебора менен Абиноам улы Барақ сол күни былай жырлады:

2 «Израил көсемлери басшылық
қылғанда,
Халық пидәкерлик пенен
атланғанда,
Жаратқан Ийени алғыслаңлар!
3 Тыңлаңлар, сизлер, ҳәй
патшалар!
Ҳәй төрелер, қулақ салыңлар!
Жаратқан Ийени жырлайман,
Израилдың Қудайы Жаратқан
Ийени саз шертип
алғыслайман.
4 Сеирден шыққанында,
Жаратқан Ийе,
Эдом жеринен жүрис
қылғанында,
Жер силкинди, аспаннан
жаўын қуйды.
Аўа, бултлар жаўын қуйдырды.
5 Таўлар Жаратқан Ийениң
алдында титиреди,
Ҳәттеки, титиреди Синай таўы,
Израилдың Қудайы Жаратқан
Ийениң алдында.

6 Анат улы Шамгардың дәўиринде,
Яелдиң заманында кәрўанлар
жүрмей қалды,
Жолаўшылар айланба жолдан
жүретуғын болды.
7 Мен Израилда ана болып,
ортаға шықпағанымша,
Мен, Дебора ортаға шыққанға
дейин,
Израил аўыллары босап қалды.
8 Израиллылар жаңа қудайларды
таңлағанда,
Урыс қаланың дәрўазасына
тирелди,
Израилдың қырық мың
әскериниң қолында,
Қалқан да, найза да көринбеди.
9 Жүрегим Израилдың
басшылары менен,
Ҳәм халық арасындағы
пидәкерлер менен бирге,
Жаратқан Ийени алғысланлар!
10 Ҳәй, ақ ешек мингенлер,
Ҳәй, гилем үстинде отырғанлар,
Ҳәй, жолда жаяў жүриўшилер,
тыңлаңлар!
11 Қудықлардың басындағы
аламан даўысы,
Жаратқан Ийениң жеңислерин,
Израил әскерлериниң
жеңислерин аңлатар:

„Сонда Жаратқан Ийениң халқы,
Қала дәрўазаларына қарай
жүрис қылды.
12 Оян, Дебора, оян,
Оян, жырыңды айт, оян!
Ҳәй, Абиноам улы Барақ,
Орныңнан тур, алып жүр
тутқынларыңды“.

13 Аман қалғанлар
сәркәрдаларының жанына
келди,
Жаратқан Ийениң халқы
батырлары менен маған
келди.
14 Амалек жериндеги
Эфрайымнан келди,
Беняминлилер де саған ерди.

Махир әўладынан келди
басшылар,
Зебулоннан келди сәркәрдалық
ҳасасын услағанлар.
15 Бирге еди Иссахар басшылары
Дебора менен,
Иссахар урыўы да Барақтың
изинен,
Ойпатлыққа түсти асығыслық
пенен.
Бирақ Рубен урыўының
тийрелери,
Күшли екилениўшилик ишинде
қалды.
16 Не ушын қалдыңыз сүриўлер
арасында?
Шопанлардың қойларды
шақырғанын еситиў ушын
ба?
Бирақ Рубен урыўының
тийрелери,
Күшли екилениўшилик ишинде
қалды.
17 Гиладлылар Иордан дәрьясының
арғы жағында қалды,
Не ушын Дан урыўы кемелер
жанында қалды?
Ашер урыўы теңиз жағасында
қалды,
Өз жағысларына мәкан басты.
18 Бирақ Зебулон ҳәм Нафталий
халқы,
Жанларын өлимге тикти
майданның бийик
жерлеринде.

19 Сонда патшалар келип урысты,
Таанахта ҳәм Мегиддо суўлары
жағасында,
Қанан патшалары урысты,
Бирақ гүмис те, олжа да алмады.
20 Саўашқа түсти жулдызлар
аспаннан,
Сисераға қарсы урысты,
жүрип олар аспандағы өз
жолынан.
21 Кишон дәрьясы, ҳәй, ески дәрья,
Ағызып кетти оларды,
Ҳәй жаным, күш-қуўатқа
толып, алға бас.
22 Келди сонда атлар дүсирлеп,
Күшли атлардың туяқлары,
Қалдырды излерин жерде.
23 Жаратқан Ийениң periштеси
былай деди:
„Нәлетлеңлер, Мероз қаласын,
Нәлетлер айтың, оның халқына.
Жәрдемге келмегени ушын
Жаратқан Ийеге,
Батырларға қарсы урысыў
ушын“.

24 Кен тийресинен болған
Хебердиң ҳаялы Иел,
Ҳаяллар арасында мол-мол
етип жарылқансын,
Шатырларда жасайтуғын
ҳаяллар арасында,
Мол-мол етип жарылқансын.
25 Суў сорағанда сүт берди,
Ҳасыл кеседе қатық усынды.
26 Алды шеп қолына шатыр
қазығын,
Оң қолына жумысшының
балғасын.
Урды Сисераны, езди басын,
Шекесине қақты қазықты,
Қазық та тесип өтти оның
басын.
27 Жығылды Сисера оның
аяқлары астына,
Қулап, жерде созылып жатты.
Ол жығылып, Иелдиң аяқлары
астына,
Жығылған жеринде жансыз
қалды.

28 Сисераның анасы терезе
артынан,
Зарланды былай деп,
пәнжиреден қарап:
„Улымның саўаш арбасы,
Кешикти неге буншелли?
Еситилмейди неге елеге дейин,
Саўаш арбаларының сеслери?“
29 Жуўап берер оған жанындағы
дана ҳаяллары.
Анасы да өзин жубатып былай
дер:
30 „Мүмкин, олар олжаны бөлисип
атырған шығар,
Ҳәр жигиттиң пайына бир-еки
қыздан.
Сисераға олжадан реңли
кийимлер,
Аўа, олжадан түскен рәңбәрәң
кийимлер,
Олжа алғанның ҳәр бирине,
Еки рәңбәрәң етип кестеленген
кийимлер тийискен шығар“.

31 Жаратқан Ийе! Барлық
душпанларың усылай жоқ
болсын.
Сени сүйгенлер болса,
Пүткил қудирети менен шыққан
қуяш яңлы болсын!»

Соннан кейин, ел қырық жыл парахатшылықта жасады.

### Гидеон

6 1 Израиллылар Жаратқан Ийениң нәзеринде жаўыз болған ислерди және иследи. Жаратқан Ийе де оларды жети жыл мидянлыларға
тәслим етти. 2 Мидянлылардың из-
раиллыларға көрсеткен зулымлығы соншелли аўыр болғанлықтан, израиллылар өзлери ушын таўларда паналайтуғын жерлер, үңгирлер ҳәм
қорғанлар ислеп алды. 3 Израиллы-
лар егин еккен ўақтында, мидянлылар, амалеклер ҳәм күншығыстағы басқа халықлар елге басқыншылық
ететуғын еди. 4 Олар Израилда орда-
ларын қурып алып, Газаға дейинги егинлерин жоқ қылатуғын ҳәм тиришилик етиўге керекли болған қой, сыйыр, ешек сыяқлы нәрселердиң ҳеш қайсысын қоймайтуғын еди.
5 Себеби олар өзлериниң маллары ҳәм шатырлары менен бирге шегиртке сыяқлы көп болып келетуғын еди. Олардың өзлериниң де, түйелериниң де есап-саны жоқ болып, Израилды ўайран етиў ушын, ел бойлап жүре-
туғын еди. 6 Израил халқы мидянлы-
лар себепли соншелли жарлыланып қалғанлықтан, олар Жаратқан Ийеге жалбарына баслады.

7 Израиллылар мидянлылар себепли Жаратқан Ийеге жалбарын-
ғанда, 8 Жаратқан Ийе оларға бир
пайғамбар жиберди. Пайғамбар оларға былай деди:

– Израилдың Қудайы Жаратқан Ийе былай дейди: «Сизлерди Мысырдан, қул болған жериңизден
Мен алып шықтым. 9 Сизлерди мы-
сырлылардың ҳәм пүткил зулым етиўшилердиң қолынан Мен қутқардым. Оларды алдыңыздан қуўып, жерлерин сизлерге бердим.
10 Сонда Мен сизлерге: „Мен – сиз-
лердиң Қудайыңыз Жаратқан Ийе боламан. Өзлериңиз жерлеринде жасап атырған аморлардың қудайларына табынбаңлар“, – деген едим. Бирақ сизлер сөзиме қулақ салмадыңлар».

11 Соннан кейин, Жаратқан Ийениң периштеси келип, Офра

қаласындағы Абиезер әўладынан
болған Иоашқа тийисли теребинф
ағашының астында отырды. Сол
ўақытта Иоаштың улы Гидеон
мидянлылардан жасырып, шарап
искенжесинде бийдай түйеклеп
атырған еди. 12 Жаратқан Ийениң
периштеси оған көринип:
– Ҳәй, батыр жигит, Жаратқан
Ийе сениң менен бирге, – деди.
13 Гидеон оған:
– О, мырзам, егер Жаратқан Ийе
бизлер менен бирге болса, онда бу-
лардың барлығы не ушын басымыз-
ға түсти? Ата-бабаларымыз бизлерге:
«Жаратқан Ийе бизлерди Мысырдан
алып шықты», – деп айтып берген
еди. Жаратқан Ийениң сол әжайып
ислери қайда қалды? Жаратқан Ийе
бизлерди таслап кетти ҳәм мидян-
лыларға тәслим қылды, – деди.
14 Жаратқан Ийе Гидеонға қарап:
– Өзиңде бар болған күш-қуўатың
менен бар да, Израилды мидянлы-
лардың қолынан қутқар. Сени Мен
жиберип атырман, – деди.
15 Гидеон:
– О, Ийем, мен Израилды қала-
йынша қутқара аламан? Мениң
тийрем Менашше урыўындағы ең
әззи тийре, мен де үйдеги генже ул-
ман, – деди.
16 Жаратқан Ийе оған:
– Мен сениң менен бирге боламан.
Сен мидянлылардың ҳәммесин бир
адамды жеңгендей қылып, қырып
таслайсаң, – деди.
17 Сонда Гидеон:
– Егер мен Сениң мийрими-
ңе ерискен болсам, мениң менен
сөйлесип атырған Сен екениңди
билиўим ушын, маған бир нышан
көрсет. 18 Илтимас, Саған садақам-
ды әкелип, усынбағанымша, бул
жерден кетип қалма, – деди.
Жаратқан Ийе Гидеонға:
– Сен қайтып келгениңше, усы
жерде тураман, – деп жуўап берди.
19 Гидеон үйине барып, бир ылақ-
ты сойды, бир эфа[a] уннан ашыт-
қысыз нан писирди ҳәм гөшти
себетке салды да, сорпасын табаққа
қуйды. Гидеон буларды теребинф
ағашының астына алып барып, пе-
риштеге усынды. 20 Қудайдың пе-
риштеси оған:
– Гөшти ҳәм ашытқысыз нан-
ларды алып, оларды мына тастың
үстине қой да, сорпаны үстине
қуй, – деди. Гидеон айтылғанлар-
ды иследи. 21 Жаратқан Ийениң
периштеси қолындағы таяғының
ушын гөш ҳәм ашытқысыз нанға
тийгизгенде, тастан от шықты. От
гөш ҳәм ашытқысыз нанды жағып,
жоқ қылып жиберди. Соннан кейин
Жаратқан Ийениң периштеси көз-
ден ғайып болды. 22 Гидеон көрген
адамының Жаратқан Ийениң пе-
риштеси екенин түсинип:
– Ўаҳ, Қудай Ийе! Мен Сениң пе-
риштең менен жүзбе-жүз kөрис-
тим, – деди.
23 Жаратқан Ийе оған:
– Саған тынышлық болсын. Қорқ-
па, өлмейсең, – деди.
24 Гидеон ол жерде Жаратқан
Ийе ушын қурбанлық орын исле-
ди. Қурбанлық орынды «Жаратқан
Ийе – тынышлық» деп атады. Бул
орын бүгин де Абиезер урпақлары-
ның Офра қаласында тур.

---

a **6:19** *Бир эфа* – шама менен 22 л.

25 Тап сол күни түнде Жаратқан
Ийе Гидеонға:
– Әкеңниң падасынан жети жа-
сар бир буғаны ал. Соннан кейин,
әкеңниң Баал ушын соқтырған
қурбанлық орнын бузып, қасын-
дағы кийели ағашты шаўып тас-
ла. 26 Усы төбешиктиң үстине
Қудайың Жаратқан Ийеге арнап,
тегис етип қурбанлық орын қур.
Соңынан сол буғаны ал да, өзиң ке-
сетуғын кийели ағашты отын қы-
лып, жандырылатуғын қурбанлық
етип бағышла, – деди. 27 Гидеон
өз адамларынан он адамды қасы-
на алып, Жаратқан Ийениң өзине
айтқанларын орынлады. Бирақ ол
үйиндегилерден ҳәм қала халқы-
нан қорққанлықтан, буны күндиз
емес, ал түнде иследи.
28 Азанда ерте турған қала халқы
Баалға арналған қурбанлық орын-
ның бузылып атырғанын, кийели
ағаштың шабылғанын ҳәм буға-
ның тазадан қурылған қурбанлық
орынның үстинде қурбанлық қы-
лып усынылғанын көрди. 29 Сонда
олар бир-биринен: «Буны ким ис-
леди?» – деп сорады. Сорастырып
көргеннен соң, бул исти Иоаш улы
Гидеонның қылғанын билди. 30 Сол
себептен олар Иоашқа:
– Балаңды сыртқа шығар, ол өлиўи
керек. Себеби ол Баалдың қурбан-
лық орнын бузып, қасындағы кийе-
ли ағашты шаўып таслаған, – деди.
31 Иоаш өзине топылып келген
адамларға:
– Баалды қорғаў сизлерге қал-
ды ма? Оны қутқаратуғын сизлер
ме? Баалды қорғайтуғынлар таңға
дейин өлтириледи. Егер Баал қудай
болса, ол өзи ушын гүрессин. Өйт-
кени бузылған қурбанлық орын
оныки-ғо! – деди.
32 Сол күни Иоаш: «Баал өзи
ушын өзи гүрессин, өйткени бу-
зылған қурбанлық орын оныки», –
деп, Гидеонды Еруббаал[a] деп атады.
33 Сол арада мидянлылар, ама-
леклер ҳәм шығыс халықлары бир-
лесип, Иордан дәрьясынан өтти
де, Изреел ойпатлығына шатыр-
ларын қурды. 34 Сонда Жаратқан
Ийениң Руўхы Гидеонның үсти-
не түсти ҳәм ол кәрнайын шертип,
Абиезер урпақларын өзиниң изине
ериўге шақырды. 35 Гидеон пүткил
Менашше урыўына хабаршылар
жиберип, ол жердеги халықты да
жыйнады. Ол Ашер, Зебулон ҳәм
Нафталий урыўларына да хабар-
шылар жиберди. Солай етип, олар
да бирлесиўге келди.
36 Сонда Гидеон Қудайға былай
деди:
– Егер Өзиң ўәде еткениңдей, Изра-
илды мен арқалы қутқаратуғының
ырас болса, 37 онда мен мына қыр-
қылған жүнди қырманның үстине
жаяман. Егер шық жүнниң үстине
түсип, ал жер қурғақ болса, онда
Өзиң айтқаныңдай, Израилды мен
арқалы қутқаратуғыныңды билемен.
38 Солай болды да. Ертеңине
азанда ерте турған Гидеон жүнди
алып сыққанда, жүннен бир кесе
толы суў шықты.
39 Соннан кейин, Гидеон Қудай-
ға былай деди:
– Маған ғәзепленбе, және бир
тилегим бар. Усы жүн арқалы

---

a **6:32** *Еруббаал* – «Баал гүрессин» дегенди билдиреди.

сынаўыма және бир мәрте рухсат
ет. Бул рет тек жүн ғана қурғақ бо-
лып, жер бетин шық қапласын.
40 Қудай сол түнде Гидеонның
айтқанын иследи. Жүн қурғақ бо-
лып, пүткил жер бетин шық қап-
лады.

## Гидеонның мидянлыларды жеңиўи

7 1 Ерубbaал, яғный Гидеон ҳәм
оның жанындағы барлық адам-
лар ерте турып, Харод булағының
басына орда қурды. Мидянлылар-
дың ордасы олардың арқа тәрепин-
де, Море төбешигиниң қасындағы
ойпатлықта еди.
2 Жаратқан Ийе Гидеонға бы-
лай деди:
– Сениң қасыңдағы адамлар жүдә
көп. Олар: «Өз күшимиз бенен қут-
қарылдық» деп, Мениң алдымда
мақтанбаўы ушын, мидянлылар-
ды оларға тәслим қыла алмайман.
3 Енди сен халыққа: «Ким қорқ-
қанынан қалтырап турған болса,
кетсин, Гилад таўынан изине қайт-
сын», – де.
Солай етип, халықтан жигирма
еки мың адам қайтып кетип, ол
жерде он мың адам қалды.
4 Жаратқан Ийе Гидеонға:
– Адамларыңның саны еле де көп.
Сен оларды суў бойына алып бар.
Мен оларды сол жерде сен ушын
електен өткеремен. «Сениң ме-
нен барады» деген адамым сениң
менен барады. Ал «Сениң менен
бармайды» деген адамым бармай-
ды, – деди.
5 Гидеон халықты суў бойына
алып барды. Жаратқан Ийе Ги-
деонға:
– Ийт сыяқлы тили менен суў иш-
кенлерди бир тәрепке, дизерлеп
отырып суў ишкенлерди екинши
тәрепке айыр, – деди.
6 Қолларын аўзына апарып, тил-
лери менен суў ишкенлердиң саны
үш жүз болды. Ал қалғанларының
ҳәммеси суў ишиў ушын дизерлеп
отырды. 7 Жаратқан Ийе Гидеонға:
– Сизлерди тили менен суў иш-
кен үш жүз адам арқалы қутқара-
ман. Мидянлыларды саған тәслим
қыламан. Ал қалғанлары үйлерине
қайтсын, – деди.
8 Солай етип, Гидеон тек үш жүз
адамды ғана алып қалып, қалған
израиллыларды үйлерине қайта-
рып жиберди. Сол үш жүз адам кет-
кенлердиң азық-аўқатлары менен
кәрнайларын алып қалды. Мидян-
лылардың ордасы Гидеон болған
жердиң төменги жағында, ойпат-
лықта еди.
9 Жаратқан Ийе сол күни түнде
Гидеонға былай деди:
– Тур, мидянлылардың ордасына
ҳүжим қыл, өйткени оларды саған
тәслим қылып атырман. 10 Егер
ҳүжим етиўге қорқсаң, Пура ат-
лы хызметшиңди жаныңа алып,
төменге, олардың ордасына бар.
11 Мидянлылардың сөзлерин тың-
ла. Сонда сен оларға ҳүжим етиўге
жүрексинесең.
Солай етип, Гидеон хызметши-
си Пура менен бирге мидянлылар
ордасының шетиндеги сақшылар
бөлимине кетти. 12 Ойпатлыққа
жайласып алған мидянлылар, ама-
леклер ҳәм барлық шығыс халық-
лары шегиртке сыяқлы көп еди.
Олардың түйелери де теңиз жаға-
сындағы қум сыяқлы есап-сансыз

еди. 13 Гидеон ол жерге жетип бар-
ғанда, бир адам өз жолдасына көр-
ген түсин айтып берип атыр еди. Ол:
– Мен бир түс көрдим. Түсимде ар-
падан писирилген бир шөрек нан Мидян ордасына туўры домалап барып, шатырға урылғанда, шатыр қулап, жер менен жексен болды, – деди.
14 Сол адамның жолдасы:
– Бул израиллы Иоаш улы Гидеонның қылышынан басқа ҳеш нәрсе емес. Қудай мидянлыларды ҳәм пүткил орданы оған тәслим етежақ болғаны, – деп жууап берди.
15 Гидеон түсти ҳәм оның жорылыўын еситип, Қудайға сыйынды. Ол Израил ордасына қайтып келип, адамларына:
– Турыңлар! Жаратқан Ийе Мидян ордасын сизлерге тәслим қылды, – деди.
16 Соңынан Гидеон үш жүз адамды үш топарға бөлип, олардың ҳәр бирине бир кәрнай ҳәм бос бир гүзеден берди. Гүзелердиң ишинде шыралар бар еди.
17 Сонда Гидеон
оларға былай деди:
– Көзиңиз менде болсын. Мен не ислесем, сизлер де соны ислеңлер. Олардың ордасына барғанымда, мен не ислесем, сизлер де соны
ислеңлер. 18 Мен ҳәм мениң қа-
сымдағылар кәрнайларымызды шерткенимизде, сизлер де орданың айнала дөгерегинде турып, кәрнайларыңызды шертиңлер де: «Жаратқан Ийе ушын ҳәм Гидеон ушын!» – деп бақырыңлар.
19 Гидеон ҳәм оның қасындағы жүз адам түнде, ортанғы гезектеги қараўыллар алмасыўданақ, ордаға жетип барды. Олар кәрнайларын шертип, қолларындағы гүзелерди сындырды.
20 Үш
топар да кәрнайларын шертип, гүзелерин сындырды. Олар шеп қолына шырасын, оң қолына кәрнайын услап: «Жаратқан Ийениң ҳәм Гидеонның қылышы!» – деп
бақырды. 21 Олардың ҳәр бири
душпан ордасының дөгерегинде, өз орнында турғанда, ордадағылардың ҳәммеси албырасып, бақырысып қаша баслады.
22 Үш жүз кәрнай бирден шертилгенде, Жаратқан Ийе ордадағылардың ҳәммесине бир-бирине қарсы қылыш көтергизди. Мидян ордасы Серера тәрептеги Бейт-Шиттаға қарай, яғный Таббатқа жақын жердеги Абел-Мехоланың шетине дейин
қашып кетти. 23 Сонда Нафталий,
Ашер ҳәм пүткил Менашше урыўларынан болған израиллылар шақырылды ҳәм олар мидянлыларды қуўа баслады.
24 Кейин Гидеон Эфрайымның пүткил таўлы үлкесине хабаршылар жиберип, былай деди: «Төменге түсип, мидянлыларға ҳүжим қылыңлар. Олардың жолларын тосыў ушын, Бейт-Бараға дейинги Иордан дәрьясының суў өткеллерин қолға киргизиңлер». Солай етип, эфрайымлылар жыйналып, Бейт-Бараға дейинги Иордан дәрьясының суў өткеллерин
қолға киргизди. 25 Олар мидян-
лылардың еки басшысын, Ореб пенен Зеебти тутқынға алды. Оребти Ореб жартасының қасында, ал Зеебти Зееб шарап искенжеси жанында өлтирип, мидянлыларды қуўыўды даўам етти. Ореб пенен Зеебтиң кесилген басларын Иордан

дәрьясының арғы жағындағы Ги-
деонға апарып берди.

8 1 Эфрайым урыўының адамла-
ры Гидеонға:
– Мидянлылар менен урысыў-
ға кеткениңде, бизлерди шақыр-
мадың. Бизлерге не ушын бундай
қылдың? – деп оны қатты айып-
лады.
2 Гидеон оларға былай деп жу-
ўап берди:
– Сизлердиң ислеген исиңиздиң
қасында меники не болыпты? Эф-
райымның териминен қалған жү-
зимлер Абиезердиң пүткил жүзим
өнимлеринен жақсырақ емес пе?
3 Қудай Мидян басшылары болған
Ореб ҳәм Зеебти сизлерге тәслим
қылды. Сизлерге тең келетуғын-
дай, мен не ислей алдым?
Гидеонның бул сөзлери олардың
ғәзебин қайтарды.
4 Гидеон ҳәм оның жанындағы үш
жүз адам Иордан дәрьясына келип,
дәрьяны кесип өтти. Олар шарша-
са да, мидянлыларды қуўыўды да-
ўам етти. 5 Ол Суккотқа келгенде,
қала халқына:
– Мениң изимнен киятырған
адамларыма нан бериңлер, олар
ҳалдан тайған. Мен Мидян пат-
шалары Зебах ҳәм Салмуннаның
изинен қуўып баратырман, – деди.
6 Суккот басшылары оған:
– Сениң әскерлериңе нан берген-
дей, сен Зебах ҳәм Салмуннаны
тутқынға алып па единң? – деди.
7 Гидеон оларға:
– Болады, усы сөзиңиз ушын,
Жаратқан Ийе Зебах пенен Сал-
муннаны маған тәслим еткенде,
мен денелериңизди шөл тикенлери
ҳәм шеңгеллери менен тилким-
тилким қыламан, – деди.
8 Гидеон ол жерден Пенуелге кет-
ти ҳәм оның халқынан да тап солай
деп өтиниш қылды. Бирақ Пенуел
халқы да Суккот халқының берген
жуўабын берди. 9 Гидеон оларға:
– Саў-саламат изиме қайтқаным-
да, бул минараны қулатаман, – деди.
10 Сол ўақытта Зебах пенен Сал-
мунна он бес мыңға шамалас аман
қалған шығыс халықларының әс-
керлери менен бирликте Қарқорда
еди. Қуралланған бир жүз жигир-
ма мың әскер өлген еди. 11 Гиде-
он Нобах ҳәм Иогбоҳаның шығыс
тәрепиндеги кәрўан жолы менен
барып, аңсыз турған душпан орда-
сына ҳүжим жасады. 12 Зебах пенен
Салмунна қашып кетти, ал Гидеон
олардың изинен қуўды. Ол Мид-
янның еки патшасы болған усы
Зебах пенен Салмуннаны қолға
алып, олардың барлық әскерлерин
албыратып таслады.
13 Иоаш улы Гидеон урыстан
Херес төбешиги бойлап қайтты.
14 Жолда Гидеон Суккоттың бир
жас жигитин услап алып, оны со-
раўға тутты. Жас жигит оған Сук-
коттың жетпис жети басшысы
менен ақсақалларының атларын
жазып берди.
15 Гидеон Суккот халқына барып,
оларға былай деди:
– Сизлер маған: «Сениң ҳалдан
тайған адамларыңа нан беретуғын-
дай, сен Зебах пенен Салмуннаны
тутқынға алып па единң?» – деп ме-
ни масқаралаған едиңиз. Минекей,
Зебах пенен Салмунна!
16 Соңынан Гидеон қала ақса-
қалларын топлап, Суккот халқын

шөл тикенлери ҳәм шеңгеллери
менен жазалады. [17] Кейин Пену-
ел минарасын қулатып, қала хал-
қын өлтирди.
[18] Соңынан Гидеон Зебах пенен
Салмуннадан:
– Таборда өлтиргенлериңиз қан-
дай адамлар еди? – деп сорады.
Олар Гидеонға:
– Олар саған уқсаған еди, ҳәмме-
си патша улларына мегзес еди, –
деп жуўап берди. [19] Гидеон оларға:
– Олар мениң туўысқанла-
рым, анамның уллары еди. Тири
Жаратқан Ийе ҳақы ант ишемен,
егер сизлер оларды аман қалдыр-
ғаныңызда, мен де сизлерди өлтир-
мес едим, – деди. [20] Соннан кейин,
Гидеон туңғыш улы Етерге:
– Қәне, оларды өлтир, – деди. Де-
ген менен, еле жас болған Етер қор-
қып, қылышын көтермеди.
[21] Сонда Зебах пенен Салмунна
Гидеонға:
– Бизлерди өзиң өлтир. Еркектиң
исин тек еркек ислей алады, – деди.
Солай етип, Гидеон барып, Зебах
пенен Салмуннаны өлтирди ҳәм
түйелериниң мойнындағы ярым
ай көринисиндеги безениў буйым-
ларын алды.
[22] Израиллылар Гидеонға:
– Сен, улың ҳәм ақлығың бизлерге
басшылық етиң. Себеби бизлерди
мидянлылардың қолынан сен қут-
қардың, – деди.
[23] Бирақ Гидеон оларға:
– Мен де, улым да сизлер-
ге басшылық қылмаймыз. Сиз-
лерге Жаратқан Ийе басшылық
қылады, – деп жуўап берди. [24] Со-
ңынан Гидеон даўам етип:
– Сизлерден бир тилегим бар: ма-
ған ҳәр бириңиз олжаларыңыздан
бир алтын сырғадан бериңлер, –
деди. Душпанлар исмайыллылар
болғанлықтан, алтын сырға тağа-
туғын еди.
[25] Израиллылар:
– Жан деп беремиз, – деп, жерге
бир жайыў жайды да, олжалары-
нан бир сырғадан жайыўдың үсти-
не таслады. [26] Ай көринисиндеги
безениў буйымларын, түймелерди,
Мидян патшаларының шым қы-
зыл шапанларын ҳәм түйелердиң
мойнындағы алтын шынжырларды
есапламағанда, Гидеонның алған
алтын сырғаларының аўырлығы
бир мың жети жүз шекел[a] шықты.
[27] Гидеон олардан бир эфод[b] исле-
тип, оны өз қаласы болған Офраға
жайластырды. Пүткил израиллы-
лар усы эфодқа табынып, Жаратқан
Ийеге опасызлық қылды. Солай
етип, бул Гидеон ҳәм оның шаңа-
рағы ушын бир дузақ болды.
[28] Израиллылардан жеңилген
мидянлылар оларға бир мәрте де
қарсы көтерилмеди. Ел Гидеон дә-
ўиринде қырық жыл парахатшы-
лықта жасады.

### Гидеонның өлими

[29] Иоаш улы Еруббаал қайтып
келип, өз үйинде жасаўды даўам
етти. [30] Оның жетпис улы бар еди,
себеби оның ҳаяллары көп болды.
[31] Гидеонның Шехемде бир тоқа-
лы бар еди. Сол тоқалы да бир ул

---

a **8:26** *Бир мың жети жүз шекел* – бир шекел шама менен 11 гр.
b **8:27** *Эфод* – белгисиз кийели бир зат. Сөзликке қараң.

туўып берип, оның атын Абимелех
қойды. [32] Иоаш улы Гидеон ғар-
рылық дәўранын сүрип, қайтыс
болды. Ол Абиезер урпақларының
Офра қаласындағы әкеси Иоаштың
қәбирине жерленди.
[33] Гидеон өлгеннен кейин, из-
раиллылар Жаратқан Ийеге және
опасызлық қылып, Бааллларға та-
бынды. Олар Баал-Беритти өзле-
рине қудай етип қойды. [34] Өзлерин
әтирапындағы душпанларынан
қутқарған Қудайы Жаратқан Ийе-
ни умытты. [35] Және де, олар Изра-
илға сонша жақсылықлар қылған
Ерубба алдың, яғный Гидеонның
шаңарағына да жақсы қатнаста
болмады.

### Абимелех

**9** [1] Ерубба алдың улы Абимелех
дайыларының жанына, Шехем
қаласына барып, оларға ҳәм ана-
сының тийресинен болған барлық
адамларға былай деди:
[2] – Шехем халқынан: «Сиз-
лер ушын қайсысы жақсырақ?
Гидеонның жетпис улы сизлер-
ге бийлик еткени ме ямаса бир
адамның бийлик еткени ме?» –
деп сораңлар. Мениң өзлериңиз
бенен сүйеги бир, қанлас екеним-
ди умытпаңлар.
[3] Дайылары Абимелехтиң айт-
қанларын Шехем халқына жет-
керди. Соннан кейин, Абимелехке
халықтың кеўли ийип: «Ол бизлер-
диң туўысқанымыз болады», – де-
ди. [4] Олар Абимелехке Баал-Берит
бутханасынан жетпис шекел гүмис
берди. Ал Абимелех бул гүмиске
оңбаған ҳәм жарамас адамларды
изине ертти. [5] Соңынан ол Офраға,
әкесиниң үйине кетип, туўысқан-
ларын, яғный Ерубба алдың жетпис
улын бир тас үстинде өлтирди. Тек
ғана Ерубба алдың генже улы Ио-
там қашып жасырынғаны ушын
аман қалды.
[6] Кейин пүткил Шехем ҳәм Бейт-
Милло халықлары бирге жыйна-
лып, Шехемдеги естелик тастың
жанындағы теребинф ағашының
қасына барды ҳәм Абимелехти пат-
ша етип тайынлады.
[7] Бул хабар Иотамға жетип бар-
ғанда, ол Гериззим таўының төбе-
сине шығып, бәлент даўыс пенен
халыққа былай деди:
– Ҳәй, Шехем халқы! Мени тың-
лаңлар, сонда Қудай да сизлерди
тыңлайды. [8] Бир күни тереклер
өзлерине патша таңлап, оны май-
ламақшы болыпты. Сонда олар
зәйтүн ағашына барып: «Бизлер-
диң патшамыз бол», – депти.
[9] Зәйтүн ағашы оларға: «Қу-
дайлар ҳәм адамларды ҳүрметке
еристириў ушын қолланылатуғын
майымды таслап, тереклердиң үс-
тинде шақаларымды тербелтип ту-
райын ба?» – деп жуўап берипти.
[10] Сонда тереклер әнжир ағашы-
на: «Кел, сен бизлердиң патшамыз
бол», – депти.
[11] Әнжир ағашы оларға: «Жақсы
ҳәм мазалы мийўемди таслап, те-
реклер үстинен басшылық етейин
бе?» – деп жуўап берипти.
[12] Соңынан тереклер жүзим аға-
шына: «Кел, сен-ақ бизлердиң пат-
шамыз бол», – депти. [13] Жүзим
ағашы оларға: «Қудайлардың ҳәм
адамлардың кеўлин көтеретуғын
шарабымды таслап, тереклер үсти-
нен басшылық етейин бе?» – депти.

14 Ақыры тереклер шеңгелге ке-
лип: «Кел, бизлердиң патшамыз
бол», – депти.
15 Шеңгел оларға: «Егер шынында
да мени майлап, өзлериңизге пат-
ша етип қоймақшы болсаңыз, онда
келиңлер, көлеңкемде панalaң-
лар. Егер паналамасаңыз, тикен-
леримнен шыққан от Лебанонның
кедр[a] ағашларын жандырып жибе-
реди», – депти.
16 Минекей, сизлер Абимелехти
патша етип сайлап әдил ҳәм ду-
рыс иследик деп ойлайсызлар ма?
Еруббаал ҳәм оның шаңарағына
жақсылық еткениңиз усы ма? Бул
мүнәсибетиңиз әкеме ылайық па?
17 Ал әкем сизлерди мидянлылар-
дың қолынан қутқарыў ушын өз
жанын қәўип астына қойып, сиз-
лер ушын урысты. 18 Бирақ бүгин
сизлер әкемниң шаңарағына қар-
сы қол көтердиңлер, оның жетпис
улын бир тастың үстинде өлтир-
диңлер. Оның тоқалынан туўылған
Абимелехти болса, өз туўысқаны-
ңыз болғаны ушын Шехемге патша
қылып қойдыңлар. 19 Егер бүгин
Еруббаал ҳәм оның шаңарағына
әдил ҳәм дурыс ис ислеген болса-
ңыз, онда Абимелех ушын қуўаның,
ол да сизлер ушын қуўансын! 20 Би-
рақ олай болмаса, Абимелехтен от
шығып, Шехем ҳәм Бейт-Милло
халқын жандырып жиберсин. Я
болмаса, Шехем ҳәм Бейт-Милло
халқынан от шығып, Абимелехти
жандырып жиберсин.
21 Соңынан Иотам туўысқаны
Абимелехтен узаққа, Бееге қарай
қашып кетип, сол жерде жасады.
22 Абимелех Израилды үш жыл
басқарды. 23 Кейин Қудай Абимелех
пенен Шехем халқының арасына
жаман руўх жиберип, бир-бирине
қарсы қылды ҳәм халық Абиме-
лехке бойсынбай қойды. 24 Себеби
Қудай буны өз туўысқанлары бол-
ған Еруббаалдың жетпис улын өл-
тирген Абимелехтен ҳәм оның бул
исин қоллап қуўатлаған Шехем хал-
қынан, олар төккен қанның қунын
алыў ушын иследи. 25 Шехем халқы
Абимелехке қарсы таў басларында
буққы жасады ҳәм ол жерден өт-
кенлердиң ҳәммесин тонады. Бул
ҳаққында Абимелехке хабар жетти.
26 Эбед улы Гаал туўысқанлары
менен бирге келип, Шехемге жай-
ласты. Ол Шехем халқының исе-
нимине кирди. 27 Олар бағларға
барып, жүзим жыйнады ҳәм оны
сығып, шарап ислегеннен кейин,
байрамлады. Олар өз қудайының
бутханасында ишип-жеп отырып,
Абимелехке мазақ сөзлер айтты.
28 Сонда Эбед улы Гаал былай де-
ди: «Бизлер, яғный Шехем халқы
Абимелехке хызмет ететуғындай,
ол ким болыпты? Ол Еруббаалдың
улы емес пе? Зебул да оның оң қо-
лы емес пе? Сизлер шехемлилер-
диң атасы Хамордың урпағынан
болғанларға хызмет қылыңлар.
Абимелехке не деп хызмет ете-
миз? 29 Қәнекей, бул халықты мен
басқарсам еди! Сонда Абимелех-
ти өзим қуўып жиберер едим ҳәм
оған: „Әскерлериңди көбейтип, са-
ўаш майданына шық!“ – дер едим».
30 Қала басшысы Зебул Эбед
улы Гаалдың сөзлерин еситкенде,

---

a 9:15 *Кедр* – қарағай ағашқа уқсас нәҳән теректиң бир түри.

ғәзеби қайнады. 31 Ол Абимелехке
жасырын түрде хабаршылар жол-
лап, олар арқалы мыналарды ай-
тып жиберди: «Мине, Эбед улы
Гаал ҳәм оның туўысқанлары Ше-
хемге келди. Олар қаланы саған
қарсы қоймақта. 32 Енди сен түн-
де адамларың менен бирге келип,
атызда буққы таслап жат. 33 Азанда
таң атыўдан-ақ орныңнан турып,
қалаға ҳүжим жаса. Гаал ҳәм оның
адамлары саған қарсы шыққанда,
оларға қолыңнан келгенин исле».

34 Солай етип, Абимелех ҳәм
оның адамлары түнде турып, төрт
топарға бөлинди де, Шехемге жа-
қын жерде буққы таслап жатты.

35 Эбед улы Гаал сыртқа шы-
ғып, қала дәрўазасының аўзында
турғанда, Абимелех ҳәм оның қа-
сындағылар буққыда жатырған же-
ринен шықты. 36 Киятырғанларды
көрген Гаал Зебулға:

– Таўлардың төбесинен түсип кия-
тырғанларға қара! – деди.

Зебул оған:

– Адамларға уқсатып турғаның
негизинде таўлардың көлеңкеси-
ғо, – деди.

37 Бирақ Гаал сөзин даўам етип:

– Қара, үлкемиздиң ортасындағы
төбешиктен адамлар түсип киятыр.
Палкерлер теребинфи тәрептен де
бир топар киятыр, – деди.

38 Сонда Зебул Гаалға:

– Енди сениң: «Бизлер Абиме-
лехке хызмет ететуғындай, ол ким
болыпты?» – деген сөзиң қаякта?
Сен менсинбеген халық усы емес
пе? Қәне, енди шығып, олар менен
өзиң урыс, – деди.

39 Гаал Шехем халқын баслап,
Абимелех пенен урысыўға шықты.
40 Бирақ ол жеңилип қаша баслады
ҳәм Абимелех оның изинен қуўды.
Қаланың кирер аўзына дейинги
аралықта көп санлы өлилер жай-
рап жатты.

41 Абимелех Арумада қалды. Ал
Зебул Гаалға ҳәм оның туўысқан-
ларына Шехемде жасаўға рухсат
бермей, оларды қаладан қуўып жи-
берди.

42 Ертеңине Абимелех шехемли-
лердиң атызларға шыққанынан
хабар тапты. 43 Ол адамларын үш
топарға бөлип, атызларда буққы
таслап жатты. Халықтың қаладан
шыққанын көргенде ҳүжим қылып,
оларды өлтирди. 44 Абимелех жа-
нындағы топары менен жылдам
түрде қаланың кирер аўзына ба-
рып турғанда, басқа еки топары
атызда болғанларға ҳүжим жасап,
оларды өлтирди. 45 Абимелех күн
бойы қалаға қарсы урысып, қала-
ны қолға киргизди ҳәм халқын қы-
лыштан өткизди. Қаланы ўайран
етип, үстине дуз септи.

46 Шехем минарасындағы адам-
лар болған ўақыялар ҳаққында
еситкенде, Эл-Берит бутханасының
қорғанын паналады. 47 Абимелех
Шехем минарасында болғанлар-
дың сол жерге жыйналғанынан
хабар тапты. 48 Сонда ол қасында-
ғы адамлары менен бирге Салмон
таўына шықты. Қолына бир балта
алып, теректиң шақасын шапты
да, оны ийнине қойып, қасындағы
халыққа: «Мениң не ислегенимди
көрдиңлер, дәрриў сизлер де солай
ислеңлер», – деди. 49 Солай етип,
ҳәммеси бир шақадан кесип алып,
Абимелехтиң изине ерди. Олар ша-
қаларды қорғанның түбине үйип,

от берди. Солай етип, Шехем ми-
нарасындағы мыңға жақын еркек
ҳәм ҳаяллар өлди.
50 Соннан кейин, Абимелех Тебес-
ке барды да, қаланы қамал қылып,
оны қолға киргизди. 51 Қаланың
ортасында беккем бир минара бар
еди. Еркек ҳәм ҳаяллар, пүткил
қала халқы сол жерди паналады.
Олар қапыларды илип, минараның
төбесине шықты. 52 Абимелех ми-
нараға келип, оған ҳүжим қылды.
Бирақ ол минараға от бериў ушын
қапысына жақынласқанда, 53 бир
ҳаял дигирманның үстинги тасын
Абимелехтиң үстине ылақтырып
жиберип, басын жарды.
54 Абимелех дәрҳал қурал-жара-
ғын алып жүретуғын нөкерин ша-
қырып алды да, оған:
– Қылышыңды шығар да, мени
өлтир. Ҳеш ким: «Абимелехти бир
ҳаял өлтирди» деп айтып жүрме-
син, – деди.
Нөкер қылышын Абимелехке су-
ғып, оны өлтирди. 55 Абимелехтиң
өлгенин көргенде, израиллылар
үйлерине қайтты.
56 Солай етип, жетпис туўысқа-
нын өлтирип, әкесине қарсы жа-
ўызлық қылғаны ушын, Қудай
Абимелехти усылай жазалады.
57 Қудай Шехем халқын да исле-
ген барлық жаўызлықлары ушын
жазалады. Олар Ерубтаалдың улы
Иотамның ғарғысына ушырады.

## Тола

10 1 Абимелехтиң өлиминен
кейин, Израилды қутқарыў
ушын Иссахар урыўынан Додо-
ның ақлығы, Пуаның улы болған
Тола атлы бир адам шықты. Тола
Эфрайымның таўлы үлкесинде-
ги Шамирде жасайтуғын еди. 2 Ол
Израилға жигирма үш жыл бий-
лик еткеннен соң, қайтыс болды
ҳәм Шамирде жерленди.

## Яир

3 Соннан кейин, Гиладтан Яир
деген адам шығып, Израилда жи-
гирма еки жыл бийлик етти. 4 Оның
отыз улы болды. Олар отыз ешекке
минип, отыз қаланы басқарды. Ги-
лад жериндеги бул қалалар бүгин де
Яирге тийисли қалалар деп атала-
ды. 5 Яир өлип, Қамонда жерленди.

## Израилдың душпанларының қолына тәслим етилиўи

6 Израиллылар Жаратқан Ийе-
ниң нәзеринде жаўыз болған ислер-
ди және иследи. Олар Бааллар ҳәм
Аштарталарға, арамлылар, сидон-
лылар, моаблылар, аммонлар ҳәм
филистлердиң бутларына табынып
кетти. Олар Жаратқан Ийени тас-
лап кетти, Оған сыйынбай қойды.
7 Солай етип, израиллыларға ғәзе-
би қайнаған Жаратқан Ийе олар-
ды филистлер менен аммонлардың
қолына тапсырды. 8 Олар Иордан
дәрьясының арғы тәрепинде, Ги-
ладтағы аморлардың жеринде жа-
сайтуғын пүткил израиллыларды
сол жылдан баслап он сегиз жыл
даўамында езип, оларға зулым-
лық иследи. 9 Аммон халқы Яҳуда,
Бенямин ҳәм Эфрайым урыўлары
менен урысыў ушын Иордан дәрья-
сынан өтти. Сол себепли Израил
аўыр аўҳалда қалды. 10 Сонда из-
раиллылар Жаратқан Ийеге:
– Бизлер Саған қарсы гүна исле-
дик. Сени, өз Қудайымызды таслап,

Бааллларға табынып кеттик, – деп
нала шекти.
11 Жаратқан Ийе израиллыларға
былай деп жуўап берди:
– Сизлерди мысырлылардан,
аморлардан, аммонлардан ҳәм фи-
листлерден қутқарған Мен емес пе
едим? 12 Сидонлылар, амалеклер
ҳәм маонлылар сизлерге езиўши-
лик қылғанда да, сизлер Маған
нала шеккен единиз ҳәм Мен сиз-
лерди олардың қолынан қутқарған
едим. 13 Бирақ сизлер Мени таслап,
басқа қудайларға табынып кетти-
ңиз. Сол себепли Мен де енди сиз-
лерди қутқармайман. 14 Барыңлар,
таңлаған қудайларыңызға нала
етиңлер. Қыйыншылыққа түске-
ниңизде, сизлерди олар қутқарсын.
15 Израиллылар Жаратқан Ийеге:
– Бизлер гүна иследик. Нени ма-
қул деп тапсаң, бизлерге соны исле.
Тек бүгин бизлерди қутқар, – деди.
16 Соңынан олар өзлериндеги жат
қудайлардың мүсинлерин ылақ-
тырып таслап, Жаратқан Ийеге
сыйынды. Жаратқан Ийе де изра-
иллылардың жәбир шегиўине ар-
тық шыдамады.
17 Аммонлар урысыў ушын жый-
налып, Гиладта орда қурғанда, из-
раиллылар да жыйналып, Миспада
ордасын қурды. 18 Гилад әскерле-
риниң басшылары бир-бирине:
«Аммонларға қарсы биринши бо-
лып урысты баслаған адам пүткил
Гилад халқының басшысы бола-
ды», – деди.

### Ифтах

**11** 1 Гиладлы Ифтах деген бир
мәрт жаўынгер бар еди. Ол
бир бузық ҳаялдың улы болып,
әкесиниң аты Гилад еди. 2 Гилад-
тың өз ҳаялы да оған уллар туўып
берди. Олар үлкейгенде Ифтахты
қуўып, оған:
– Әкемиздиң үйинен мийрас ал-
майсаң. Өйткени сен басқа бир
ҳаялдың улысаң, – деди. 3 Ифтах
туўысқанларынан қашып, Тоб жур-
тына жайласып алды ҳәм дөгере-
гине жыйналған оңбаған адамлар
оның менен бирге басқыншылық
ете баслады.
4 Бир қанша ўақыт өткеннен ке-
йин, аммон халқы израиллыларға
урыс ашты. 5 Урыс ўақтында, Ги-
лад ақсақаллары Ифтахты алып
келиў ушын Тоб журтына кетти.
6 Олар Ифтахқа:
– Жүр, бизлердиң сәркәрдамыз бол,
аммонлар менен урысайық, – деди.
7 Ифтах оларға:
– Мени жек көрип, әкемниң үйи-
нен қуўған сизлер емес пе? Басы-
ңызға ис түскенде, не ушын маған
келдиңиз? – деп жуўап берди.
8 Гилад ақсақаллары оған:
– Енди саған бас ийип келиўимиз-
диң себеби, сен бизлер менен бирге
барып, аммонлар менен урыс. Сон-
да сен бизлерге, яғный Гилад хал-
қына басшы боласаң, – деди.
9 Ифтах олардан:
– Аммонлар менен урысыўға ме-
ни алып барсаңыз ҳәм Жаратқан
Ийе оларды маған тәслим қылса,
онда мен сизлердиң басшыңыз бо-
ламан, – деди.
10 Гилад ақсақаллары оған:
– Жаратқан Ийе бизлерге гүўа
болсын, анық айтқаныңдай бола-
ды, – деди.
11 Солай етип, Ифтах Гилад ақса-
қаллары менен бирге кетти. Халық

оны өзлерине басшы ҳәм сәркәрда
етип қойды. Ифтах айтқан барлық
сөзлерин Миспада, Жаратқан Ийе-
ниң алдында тәкирарлады.
12 Соннан кейин, Ифтах аммон
халқының патшасына елшилер жи-
берип: «Жеримизге урыс ашыўға
келгендей, бизлердиң арамызда
қандай келиспеўшилик болған
еди?» – деди.
13 Аммон патшасы Ифтахтың
елшилерине мына жуўапты ай-
тып жиберди: «Израиллылар Мы-
сырдан шыққаннан кейин, Арнон
дәрьясынан баслап Яббоқ ҳәм Иор-
дан дәрьяларына дейинги жер-
леримди алып қойды. Енди бул
жерлерди маған урыссыз қайта-
рып бер».
14 Ифтах аммон халқының пат-
шасына және елшилер жиберип,
15 былай деди: «Ифтах былай деп
атыр: Израил Моаб жерлерин де,
аммон халқының жерлерин де ал-
мады. 16 Себеби Израил Мысыр-
дан шыққан ўақытта шөл арқалы
жүрип, Қызыл теңизге, кейин Қа-
дешке келди. 17 Соңынан Израил
Эдом патшасына елшилер жиберип,
жерлери арқалы өтиўге рухсат со-
рады. Бирақ Эдом патшасы қулақ
аспады. Израил Моаб патшасына
да елшилер жиберди, бирақ ол да
рухсат бермеди. Сонлықтан Изра-
ил Қадеште қалды.
18 Кейин Израил шөл жерлер ме-
нен жүрип, Эдом менен Моаб жер-
лериниң әтирапынан өтти. Олар
Моаб жериниң шығыс тәрепине
келип, Арнонның арғы тәрепине
орналасты. Бирақ Моаб шегарасы-
ның ишине кирмеди. Өйткени Ар-
нон моаблылардың шегарасы еди.
19 Соңынан Израил Хешбонда
ҳүкимдарлық етип атырған амор-
лардың патшасы Сихонға елши-
лер жиберип: „Жеримизге барыў
ушын сениң елиң арқалы өтиўи-
мизге рухсат бер“, – деди. 20 Би-
рақ Сихон Израилдың жеринен
кесип өтиўине исенбеди. Сонлық-
тан ол барлық әскерлерин жыйнап,
Яҳасада орда қурды ҳәм Израилға
урыс ашты.
21 Израилдың Қудайы Жаратқан
Ийе Сихонды ҳәм оның пүткил
халқын израиллыларға тәслим
қылды. Израиллылар аморларды
жеңип, олар жасаған жерлердиң
ҳәммесин қолға киргизди. 22 Олар
Арноннан Яббоқ дәрьясына, шөл-
ден Иордан дәрьясына дейин со-
зылған пүткил Амор жерлерин
ийелеп алды.
23 Енди Израилдың Қудайы
Жаратқан Ийе аморларды Өз хал-
қы болған Израилдың алдынан
қуўғаннан кейин, оларды қайта-
рып алыўға сениң қандай ҳақың
бар? 24 Қудайың болған Кемош са-
ған бир жер берсе, ол жерге ийелик
етпес пе едиң? Бизлер де Қудайы-
мыз Жаратқан Ийениң өзлеримиз-
ге берген жерлерине ийелик етемиз.
25 Сен Моаб патшасы Сиппор улы
Балақтан үстемсең бе? Ол қашан
израиллылар менен тартысып, қа-
шан олар менен урысыўға шықты?
26 Израиллылар үш жүз жылдан
берли Хешбон менен Ароерде ҳәм
олардың әтирапындағы аўыллар-
да, және де, Арнон жағасындағы
барлық қалаларда жасап киятыр.
Усы ўақытқа дейин бул жерлерди
не ушын алмадыңлар? 27 Мен сениң
алдында айыплы емеспен. Бирақ

сен маған қарсы урысқа шығып, на-
ҳақлық қылып атырсаң. Жаратқан
Ийе – Қазы, Оның Өзи бүгин из-
раиллыларға ҳәм аммонларға қа-
зылық етсин».
28 Бирақ Ифтахтың айтып жибер-
ген бул сөзлерине Аммон патшасы
қулақ салмады.
29 Сонда Жаратқан Ийениң Руў-
хы Ифтахтың үстине түсти. Ифтах
Гилад ҳәм Менашшеден, соңынан
Гиладтағы Миспадан өтип, аммон-
ларға қарай кетти. 30 Ол Жаратқан
Ийениң алдында ўәде берип бы-
лай деди: «Егер аммонларды маған
тәслим қылсаң, 31 оларды жеңип,
саў-саламат қайтқанымда, мени
күтип алыў ушын үйимниң еси-
гинен биринши болып ким шық-
са, оны Жаратқан Ийеге бағышлап,
жандырылатуғын қурбанлық етип
беремен».
32 Соннан кейин, Ифтах аммонлар
менен урысыўға кетти. Жаратқан
Ийе оларды Ифтахқа тәслим қыл-
ды. 33 Ифтах Ароерден Миннит-
ке шекемги жигирма қаланы ҳәм
Абел-Керамимге шекемги қала-
ларды ўайран етип, аммонларды
үлкен жеңилиске ушыратты. Со-
лай етип, аммонлар израиллылар-
ға бағынышлы болды.
34 Ифтах Миспаға, өз үйине қайт-
қанда, оның қызы дәп шертип,
ойынға түсип, оны күтип алыўға
шықты. Бул қыз оның жалғыз пер-
зенти болып, оннан басқа я улы, я
қызы жоқ еди. 35 Ифтах қызын көр-
генде, кийимлерин жыртып:
– Ўаҳ, қызым, жүрегимди қан
етип, мени бахтықара қылдың-ғо!
Өйткени мен Жаратқан Ийеге бер-
ген ўәдемди буза алмайман, – деди.
36 Қыз әкесине:
– Аға, сен Жаратқан Ийеге ант
иштиң. Жаратқан Ийе душпанла-
рың болған аммонлардан сениң
ушын өш алған екен, енди сен де
аўзыңнан не шыққан болса, маған
соны исле, – деди. 37 Соңынан қыз
әкесине және:
– Бир тилегим бар: маған еки ай
мәўлет бер, досларым менен таўға
шығып, маған турмысқа шығыў не-
сип етпегенине жылайын, – деди.
38 Әкеси қызына:
– Яқшы, бара ғой, – деп еки ай-
ға рухсат берди. Қыз дослары ме-
нен бирге таўға шығып, турмысқа
шығыў несип етпегенине жылады.
39 Еки айдан соң, қыз әкесиниң жа-
нына қайтты. Әкеси берген ўәдесин
орынлады. Қызға еркектиң қолы
тиймеген еди.
Соннан кейин, Израилда мына-
дай бир дәстүр пайда болды: 40 Из-
раил халқының қызлары ҳәр жылы
таўға шығып, гиладлы Ифтахтың
қызы ушын төрт күн аза тутату-
ғын болды.

### Ифтах ҳәм Эфрайым арасындағы урыс

**12** 1 Эфрайым урыўы жыйна-
лып, Сафонға қарай кешип
өтти. Олар Ифтахқа:
– Аммонлар менен урысыўға кет-
кениңде, бизлерди не ушын шақыр-
мадың? Сонлықтан бизлер сени де,
үйиңди де жағып жиберемиз, – деди.
2 Ифтах оларға:
– Халқым ҳәм мен аммонлар ме-
нен қатты жәнжеллескенимизде,
мен сизлерди шақырған едим. Би-
рақ сизлер келип, мени олардың
қолынан қутқармадыңлар. 3 Мени

қутқармайтуғыныңызға көзим
жеткенде, жанымды қәўип асты-
на қойып, аммонларға қарсы ҳү-
жим жасадым. Кейин Жаратқан
Ийе оларды маған тәслим қылды.
Не ушын бүгин мениң менен уры-
сыўға келдиңлер? – деди.
**4** Эфрайым урыўынан болған-
лар гиладлыларға: «Ҳәй, Эфрайым
ҳәм Менашше урпақлары арасын-
да жасайтуғын гиладлылар! Сизлер
Эфрайымның қашқынларысыз», –
деген еди. Сонда Ифтах пүткил
Гилад халқын жыйнап, Эфрайым
урыўына қарсы саўашқа түсти ҳәм
оларды қыйратты. **5** Иордан дәрья-
сындағы Эфрайым урыўының же-
рине қарай өтетуғын өткеллерди
қолға алған гиладлылар өтпекши
болып келген қашқыннан: «Эфра-
йым урыўынанбысаң?» деп сора-
ғанда, ол: «Яқ» десе, **6** сонда оларға:
«Шибболет деп айт», – дейтуғын
еди. Бирақ олар: «Сибболет» дей-
туғын еди. Өйткени олар «шиббо-
лет» сөзин дурыс айта алмайтуғын
еди[a]. Сол себепли оларды услап,
Иордан дәрьясының өткеллерин-
де өлтиретуғын еди. Сол ўақытта
эфрайымлылардан қырық еки мың
адам өлтирилди. **7** Гиладлы Ифтах
Израилда алты жыл бийлик қылды.
Соннан кейин ол өлип, Гиладтың
бир қаласында жерленди.

### Ибсан, Элон ҳәм Абдон

**8** Кейин ала Израил халқына
бейтлеҳемли Ибсан бийлик етти.
**9** Ибсанның отыз улы ҳәм отыз
қызы болды. Ол қызларын басқа
тийрелерге узатып, улларын да бас-
қа урыўлардан үйлендирди. Ибсан
Израилда жети жыл бийлик етти.
**10** Соңынан ол өлип, Бейтлеҳемде
жерленди.
**11** Ибсаннан кейин, Израилда Зе-
булон урыўынан болған Элон он
жыл бийлик етти. **12** Ол өлип, Зебу-
лон жериндеги Айялонда жерленди.
**13** Элоннан кейин, Израилда Пи-
ратоннан болған Ҳиллел улы Аб-
дон бийлик етти. **14** Абдонның
жетпис ешекке минип жүретуғын
қырық улы ҳәм отыз ақлығы бол-
ды. Абдон Израилда сегиз жыл
бийлик етти. **15** Пиратонлы Ҳил-
лелдиң улы Абдон өлип, Эфрайым
жериндеги, бурын амалеклерге ти-
йисли болған таўлы үлкедеги Пи-
ратонға жерленди.

### Самсонның туўылыўы

**13** **1** Израил халқы Жаратқан
Ийениң нәзеринде жаўыз
болған ислерди және ислей басла-
ды. Жаратқан Ийе де оларды қы-
рық жылға филистлердиң қолына
тапсырды.
**2** Сора қаласынан, Дан урыўынан
болған Маноах атлы бир адам бар
еди. Оның ҳаялы нәсилсиз болып,
ҳеш перзенти жоқ еди. **3** Жаратқан
Ийениң периштеси ҳаялға көринип,
оған былай деди:
– Сен нәсилсиз болып, перзент
көрмеген болсаң да, енди ҳәмиле-
дар болып, бир ул туўасаң. **4** Ен-
дигиден былай абайлы бол, сен
шарап та, басқа өткир ишимлик
те ишпе ҳәм ҳеш бир ҳарам нәрсе

---

a **12:6** *«Шибболет» сөзин дурыс айта алмайтуғын еди* – Олардың сөйлеў тил-
леринде диалект өзгеше еди.

жеме. 5 Себеби сен ҳәмиледар болып, бир ул туўасаң. Оның басына пәки тиймесин. Өйткени бала ана қурсағынан баслап-ақ, Қудайға бағышланған болады ҳәм ол Израил халқын филистлердиң қолынан қутқара баслайды.
6 Ҳаял күйеўине былай деди:
– Қасыма Қудайдың бир адамы келди. Ол Қудайдың периштеси сыяқлы жүдә айбатлы еди. Мен оннан қай жерден келгенин сорамадым, ол да маған атын айтпады.
7 Бирақ ол маған: «Сен ҳәмиледар болып, бир ул туўасаң. Ендигиден былай, шарап та, басқа өткир ишимлик те ишпе ҳәм ҳеш бир ҳарам нәрсе жеме. Себеби бала ана қурсағынан баслап, өлетуғын күнине дейин, Қудайға бағышланған болады», – деди.
8 Сонда Маноах Жаратқан Ийеге дуўа етип: «О Ийем, Сен жиберген сол Қудайдың адамы және келиўин ҳәм туўылатуғын бала ушын не ислеўимиз кереклигин бизлерге үйретиўин жалбарынып сорайман», – деди.
9 Қудай Маноахтың дуўасын еситти. Ҳаял атызда отырған ўақытта, Қудайдың периштеси оған және келди. Бирақ Маноах ҳаялының жанында жоқ еди.
10 Ҳаял күйеўине хабар бериў ушын асығыс түрде жуўырып кетти ҳәм күйеўине:
– Ана бирде қасыма келген адам маған және көринди! – деди.
11 Маноах турып, ҳаялының изине ерди ҳәм сол адамның жанына келип, оннан:
– Ҳаялым менен сөйлескен сиз бе? – деп сорады.
Сол адам оған:
– Аўа, мен, – деди.
12 Маноах оннан:
– Сизиң айтқанларыңыз орынланғанда, бала қалай жасаўы ҳәм не ислеўи керек? – деп сорады.
13 Жаратқан Ийениң периштеси Маноахқа былай деди:
– Ҳаялың айтқанларымның ҳәммесин орынласын.
14 Ол жүзимнен исленген ҳеш бир нәрсени жемесин, шарап та, басқа өткир ишимлик те ишпесин ҳәм ҳеш бир ҳарам нәрсе жемесин. Буйырғанларымның ҳәммесин орынласын.
15 Сонда Маноах Жаратқан Ийениң периштесине:
– Тоқтап турың. Сиз ушын бир ылақ соймақшымыз, – деди.
16 Жаратқан Ийениң периштеси оған:
– Мени ириккениң менен таярлаған аўқатыңды жемеймен. Егер жандырылатуғын қурбанлық бермекши болсаң, оны Жаратқан Ийеге бер, – деди. Ал Маноах оның Жаратқан Ийениң периштеси екенлигин билмеген еди.
17 Маноах Жаратқан Ийениң периштесине:
– Айтқанларыңыз орынланғанда, сизге алғыс айтыўымыз ушын, атыңыздың ким екенин айтың, – деди.
18 Жаратқан Ийениң периштеси Маноахқа:
– Атымды не ушын сорап атырсаң? Мениң атым қупыя ат, – деди.
19 Маноах бир ылақ пенен ғәлле садақасын алып, бир тастың үстинде Жаратқан Ийеге қурбанлық берди. Сол ўақытта Маноахтың ҳәм оның ҳаялының көз алдында таң қаларлық ўақыя жүз берди:

20 қурбанлық орыннан жалын көте-
рилгенде, Жаратқан Ийениң периш-
теси жалын менен бирге аспанға
көтерилип кетти. Буны көрген Ма-
ноах ҳәм оның ҳаялы ет бетинен
жерге жығылды. 21 Соннан кейин,
Жаратқан Ийениң периштеси Ма-
ноахқа ҳәм оның ҳаялына қайтып
көринбеди. Сонда Маноах оның
Жаратқан Ийениң периштеси еке-
нин түсинди. 22 Маноах ҳаялына:
– Бизлер сөзсиз өлемиз, өйткени
Қудайды көрдик, – деди.
23 Ҳаялы оған:
– Егер Жаратқан Ийе бизлерди
өлтириўди қәлегенде, онда жанды-
рылатуғын қурбанлығымызды ҳәм
ғәлле садақамызды қабыл етпеген
болар еди. Ол бүгин булардың бар-
лығын бизлерге көрсетип те, айтып
та отырмас еди, – деп жуўап берди.
24 Солай етип, ҳаял ул туўып,
оның атын Самсон деп қойды. Ба-
ла өсип үлкейди ҳәм Жаратқан Ийе
оны жарылқады. 25 Сора менен Эш-
таол арасындағы Махане-Данда
болған Самсонды Жаратқан Ийе-
ниң Руўхы басқара баслады.

### Самсонның үйлениўи

14 1 Бир күни Самсон Тимна-
ға барды. Ол жерде Самсон
филистли бир қызды көрип қалды.
2 Ол қайтып келип, ата-анасына:
– Тимнада филистли бир қыз-
ды көрдим, оны маған ҳаяллыққа
алып бериң, – деди.
3 Ата-анасы оған:
– Ағайин-туўғанлардың ямаса
халқымыздың арасында саған қыз
қурып қалып па? Не ушын сүннет-
сиз филистлерден қыз алмақшы-
саң? – деди.
Бирақ Самсон әкесине:
– Маған сол қызды алып бер,
өйткени ол маған унап қалды, –
деди. 4 Самсонның ата-анасы бу-
ның Жаратқан Ийениң ерки
екенин билмейтуғын еди. Себеби
Жаратқан Ийе сол ўақытта израил-
лыларға ҳүкимдарлық етип атыр-
ған филистлерге қарсы қолайлы
пурсат излеп атырған еди.
5 Солай етип, Самсон ата-анасы
менен бирге Тимнаға кетти. Олар
Тимнадағы жүзим бағларына жа-
қынласқанда, бир арыслан ақы-
рып, Самсонның қарсы алдынан
шықты. 6 Сонда Жаратқан Ийе-
ниң Руўхы Самсонды бийлеп алды.
Ол қолында ҳеш нәрсе болмаса да,
арысланды ылақты бөлгендей етип,
бөлип таслады. Бирақ ол бул исин
ата-анасына билдирмеди. 7 Соңы-
нан Самсон барып, қыз бенен сөй-
лести ҳәм қыз оған унады.
8 Бир неше күннен кейин, Самсон
қызға үйлениў ушын және Тимнаға
кетип баратырғанда, ол арыслан-
ның өлигин көриў ушын бурыл-
ды. Қараса, арысланның өлигинде
пал ҳәррелериниң уясы ҳәм пал
бар екен. 9 Самсон палдан бир қос-
уўыс алып, жол-жөнекей жеп кет-
ти. Ол ата-анасына келип, оларға
да палдан берди, олар да жеди. Би-
рақ палды арысланның өлигинен
алғанын айтпады.
10 Самсонның әкеси қыздың үйи-
не барды ҳәм Самсон да ол жер-
де зыяпат берди. Себеби дәстүр
бойынша күйеў бала усылай ис-
лейтуғын еди. 11 Филистлер Сам-
сонға отыз жас жигитти күйеў жора
қылып жиберди. 12 Сонда Самсон
оларға былай деди:

– Мен сизлерге бир жумбақ айтайын. Жумбағымды зыяпаттың жети күни ишинде дурыс тапсаңыз, онда сизлерге зығырдан тоқылған отыз көйлек ҳәм баҳалы отыз шапан беремен. [13] Бирақ егер жумбақты таба алмасаңлар, онда сизлер маған зығырдан тигилген отыз кийим ҳәм баҳалы отыз шапан induced бересизлер.

Олар Самсонға:

– Жумбағыңды айт, еситейик, – деди.

[14] Самсон оларға былай деди:

«Жейтуғыннан желинетуғын
шықты,
Күшлиден мазалы шықты».

Арадан үш күн өтсе де, филистлер жумбақты таба алмады.

[15] Төртинши* күни олар Самсонның ҳаялына:

– Күйеўиңди көндирип, бизлерге жумбақтың шешимин билип бер. Болмаса, бизлер сени де, әкеңниң үйин де жағып жиберемиз. Бизлерди не бул жерге тонаў ушын шақырдыңлар ма? – деди.

[16] Ҳаялы Самсонға жылап:

– Сен мени жек көресең, сен мени жақсы көрмейсең. Өйткени мениң халқымның жигитлерине жумбақ айттың, бирақ оның жуўабын маған айтпадың, – деди.

Самсон ҳаялына:

– Өз ата-анама айтпағанымды не ушын саған айтыўым керек? – деди.

[17] Ҳаял жети күн даўам етип атырған зыяпаттың қалған күнинде жылап қоймады. Ҳаялы жанына тийип қоймағанлықтан, Самсон оған жетинши күни жумбақтың жуўабын айтты. Ал ҳаял болса, жуўапты өз халқының жигитлерине жеткизди.

[18] Жетинши күни күн батпастан бурын, қаланың жигитлери Самсонға келип, былай деди:

«Палдан татлы,
Арысланнан күшли не бар?»

Самсон оларға:

– Егер мениң қашарым менен жер сүрмегениңизде, жумбағымды шеше алмас единлер, – деди.

[19] Сонда Жаратқан Ийениң Руўхы Самсонды бийлеп алды. Самсон Ашкелонға кетти ҳәм ол жерде отыз адамды өлтирип, олардың кийим-кеншеклерин шешип алды да, оларды жумбақты шешкен адамларға әкелип берди. Кейин ол сол ғәзеплениўи менен әкесиниң үйине қайтып кетти.

[20] Ал Самсонның ҳаялы болса, Самсонның күйеў жораларының бирине узатылып жиберилди.

### Самсонның өш алыўы

**15** [1] Бир неше күннен кейин, бийдай орағының ўақтында Самсон бир ылақ алып, ҳаялын көриўге барды ҳәм ол:

– Ҳаялымның бөлмесине кирмекшимен, – деди.

Бирақ ҳаялдың әкеси Самсонның кириўине рухсат бермеди [2] ҳәм оған:

– Сени қызымды таслап кетти деп ойлап, оны сениң күйеў жораларыңның бирине узатып жибердим. Кишкене қызым оннан гөре сулыўырақ емес пе? Оның орнына сол қызымды ала ғой, – деди.

[3] Сонда Самсон:

– Енди филистлерге жаманлық
қылсам да, ҳақым бар, – деди.
4 Соңынан Самсон даланлыққа
шығып, үш жүз түлки услады. Ол
ҳәр еки түлкиниң қуйрықларын
бир-бирине байлап, қуйрықлары-
ның арасына бир шомнан байлап
шықты. 5 Самсон шомларды жа-
ғып, түлкилерди филистлердиң
егинлериниң арасына жиберди. Со-
лай етип, филистлердиң гүдилери,
орылмаған бийдайлары, жүзим
ҳәм зәйтүн бағлары жанып кетти.
6 Филистлер: «Буны ким исле-
ди?» – деп сорастырғанда, оларға:
«Буны тимналының күйеў бала-
сы Самсон иследи. Өйткени қә-
йин атасы оның ҳаялын күйеў
жораларының бирине узатып жи-
берипти», – деген хабар жетти. Фи-
листлер барды да, ҳаялды ҳәм оның
әкесин жағып жиберди.
7 Сонда Самсон оларға:
– Усылай ислегениңиз ушын, сиз-
лерден өш алмай қоймайман! – де-
ди. 8 Самсон оларға аяўсыз түрде
ҳүжим жасап, олардың көбисин
өлтирди. Соңынан ол Этам жар-
тасына барып, сол жердеги бир үң-
гирди паналады.
9 Филистлер де Яҳудаға барып,
сол жерге орда қурды да, Лехийге
шабыўыл жасады. 10 Сонда яҳуда-
лылар оларға:
– Не ушын бизлер менен урысыў-
ға келдиңлер? – деп сорады.
Филистлер оларға:
– Бизлерге қылғанын өзине ис-
леў ушын, Самсонды тутып алыўға
келдик, – деп жуўап берди.
11 Яҳудалылардан үш мың адам
Этам жартасындағы үңгирге ба-
рып, Самсонға:
– Филистлердиң бизлерге ҳүким-
дарлық қылатуғынын билмейсең
бе? Сен не ушын бизлерге булай
иследиң? – деди.
Самсон оларға:
– Олар маған не ислеген болса,
мен де оларға соны иследим, – деп
жуўап берди.
12 Олар Самсонға:
– Бизлер сени байлап, филистлер-
диң қолына тапсырыў ушын кел-
дик, – деди.
Самсон оларға:
– Мени өлтирмейтуғыныңызды
айтып, ант ишиңлер, – деди.
13 Олар Самсонға:
– Болады, бизлер сени тек байлап,
олардың қолына тапсырамыз. Сөз
беремиз, сени өлтирмеймиз, – деди.
Соннан кейин, олар Самсонды
еки таза арқан менен байлап, үң-
гирден шығарды. 14 Самсон Ле-
хийге жақынласқанда, филистлер
оны қышқырысып күтип алды.
Сонда Жаратқан Ийениң Руў-
хы Самсонды бийлеп алды ҳәм
оның қолларына байланған ар-
қанлар жанған сабан сыяқлы үзи-
лип түсти. 15 Самсон жаңа өлген
бир ешектиң жақ сүйегин таўып,
оны қолына алды да, оның менен
мың адамды өлтирди. 16 Соңынан
ол былай деди:

«Бир ешектиң жақ сүйеги
менен,
Оларды үйиндилерге
айландырдым,
Бир ешектиң жақ сүйеги менен,
Мың адамды өлтирдим».

17 Самсон буларды айтып болған-
нан соң, жақ сүйекти ылақтырып

таслады. Сол жер Рамат-Лехий[a]
деп аталды.
18 Бирақ Самсон қатты шөлле-
генликтен, Жаратқан Ийени ша-
қырып:
«Сен Өз қулыңа уллы бир жеңис
бердиң. Бирақ енди мен шөлден
өлип, сүннетсизлердиң қолы-
на түсемен бе?» – деди. 19 Сонда
Жаратқан Ийе Лехийдеги шу-
қырлықты жарды ҳәм оннан суў
шықты. Самсон суў ишип, ҳәлле-
нип алды. Сонлықтан суў шық-
қан жерге Эн-Ҳаққоре[b] деген ат
берилди. Булақ бүгин де Лехий-
де тур.
20 Самсон филистлердиң ҳүким-
дарлық дәўиринде израиллыларға
жигирма жыл бийлик қылды.

## Самсон Газада

16 1 Бир күни Самсон Газаға
барды. Сол жерде бир бузық
ҳаялды көрип қалып, оның менен
бирге түнеди. 2 Газалыларға: «Сам-
сон усы жерге келди», – деген хабар
жетиўден, олар сол дөгеректи қор-
шап алды да, түн бойы Самсонды
аңлып, қала дәрўазасының жанын-
да буққы таслап жатты. Олар: «Күн
шығыўдан, оны өлтиремиз», – деп
ойлап, түн бойы турған жеринен
қыймылдамады.
3 Ал Самсон түн ортасына дейин
жатты. Ол түн ярымында орнынан
турып, қала дәрўазасын еки жақлаў
ҳәм илгиши менен қосып, орнынан
қопарып алды. Оны ийнине қойып,
Хебронның қарсы алдындағы таў-
дың төбесине апарып таслады.

## Самсон ҳәм Делила

4 Буннан соң, Самсон Сорек ой-
патлығында жасайтуғын Делила
атлы бир қызға ашық болып қал-
ды. 5 Филист ҳүкимдарлары қыз-
ға келип:
– Сен Самсонның қүдиретли кү-
шиниң сыры неде екенин билип
бер. Оны байлап бойсындырыўы-
мыз ушын, қалай жеңе алатуғыны-
мызды айтыўға ҳийле менен оны
көндир. Усылай ислесең, бизлер са-
ған ҳәр биримиз бир мың бир жүз
шекел гүмистен беремиз, – деди.
6 Сонда Делила Самсонға:
– Илтимас, маған бул қүдирет-
ли күшти қай жерден алып атыр-
ғаныңды айт. Сени бойсындырыў
ушын, не менен байлаў керек? –
деп сорады.
7 Самсон оған:
– Егер мени кеппеген жети таза
гирис пенен байласа, сонда мен
әпиўайы адам сыяқлы күшсиз бо-
лып қаламан, – деди.
8 Сонда Филист ҳүкимдарлары
Делилаға кеппеген жети таза оқ
жайдың гирисин әкелип берди. Де-
лила оның менен Самсонды байла-
ды. 9 Сол ўақытта ишки бөлмеде
қыздың жасырынып турған адам-
лары бар еди. Делила Самсонға:
– Самсон! Филистлер бастырып
келди! – деди.
Самсон байланған гирислерди
отқа жанған жип сыяқлы үзип тас-
лады. Солай етип, оның күшиниң
сыры ашылмай қалды.
10 Сонда Делила Самсонға:

---

[a] **15:17** *Рамат-Лехий* – «жақ сүйеги төбешиги» дегенди билдиреди.
[b] **15:19** *Эн-Ҳаққоре* – «Шақырғанның булағы» дегенди билдиреди.

– Мени алдап, жалған сөйледиң.
Енди айт, сени не менен байлаў ке-
рек? – деди.
11 Самсон оған:
– Егер мени ҳеш қолланылмаған
таза арқан менен байласа, мен әпи-
ўайы адам сыяқлы күшсиз болып
қаламан, – деди.
12 Солай етип, Делила таза арқан-
ды алып, Самсонды байлады да:
– Самсон! Филистлер киятыр! –
деди.
Сол ўақытта аңлып отырғанлар
ишки бөлмеде отыр еди. Самсон
қолларындағы арқанды жип сы-
яқлы үзип таслады.
13 Делила Самсонға:
– Ҳәзирге дейин мени алдап, ма-
ған жалған сөйледиң. Маған айтшы,
сени не менен байлаўға болады? –
деди.
Самсон оған:
– Егер жети бурым шашымды
өрмекке қосып тоқып, оны қазық
пенен беккемлесең, мен әпиўайы
адам сыяқлы күшсиз болып қала-
ман, – деди.
14 Самсон уйықлап атырғанда,
Делила оның жети бурым шашын
өрмекке қосып тоқыды да, қазық
пенен беккемледи. Соңынан ол:
– Самсон! Филистлер киятыр! –
деди.
Сонда Самсон уйқысынан оянып,
өрмек ҳәм қазықты таўар менен қо-
са шашынан жулып алды.
15 Сонда Делила Самсонға:
– Маған исенбей турып, қала-
йынша: «Сени жақсы көремен», –
деп айта аласаң? Мине, сен мени
үшинши мәрте алдап, қүдиретли
күшиңниң сыры неде екенин айт-
пай отырсаң, – деди.
16 Делила ҳәр күни усы сөзлер
менен Самсонның мазасын алып,
қыйнап жиберди. Ақырында бул
Самсонның жанына батқанлықтан,
17 ол қызға өзиниң барлық ишки
сырын ашып:
– Мениң басыма ҳеш пәки тийме-
ген. Өйткени мен анамның қурса-
ғына түскеннен баслап, Қудайға
бағышланғанман. Егер шашымды
алдырсам, мен өз күшимди жой-
таман ҳәм әпиўайы адам сыяқлы
күшсиз болып қаламан, – деди.
18 Делила Самсонның ишки сы-
рының барлығын ашып бергенин
билгенде, филистлердиң ҳүким-
дарларын шақыртты да:
– Және келиңлер, өйткени Сам-
сон маған өз сырын ашты, – деди.
Филист ҳүкимдарлары қолларына
гүмислерин алып, Делилаға келди.
19 Делила Самсонды дизесиниң үс-
тинде уйықлатты да, адамларынан
биреўин шақырып, Самсонның
жети бурым шашын қырқтырды.
Солай етип, Делила Самсонның
үстинен бийликти өз қолына ала
баслады ҳәм оның күши қайтып
қалды.
20 Делила Самсонға:
– Самсон! Филистлер киятыр! –
деди.
Самсон оянып: «Бурынғыдай
өзимди азат етемен», – деп ойла-
ды. Бирақ ол Жаратқан Ийениң
өзин таслап кеткенин билмеген еди.
21 Сонда филистлер оны қол-
ға алып, көзлерин ойып таслады.
Олар Самсонды Газаға апарып, қо-
ла шынжырлар менен байлады ҳәм
қамақханада оған дигирман айдат-
ты. 22 Бирақ Самсонның қырқыл-
ған шашлары өсе баслады.

### Самсонның өлими

23 Филист ҳүкимдарлары өз
қудайы Дагонның ҳүрметине ул-
лы байрам берип, оған қурбанлық-
лар бериў ҳәм кеўил көтериў ушын
жыйналып: «Қудайымыз душпа-
нымыз болған Самсонды бизлер-
ге тәслим етти», – деди. 24 Филист
халқы Самсонды көргенде, өзле-
риниң қудайына былай деп алғыс
айта баслады:

«Өлтирип көп адамларымызды,
Елимизди ўайран еткен
душпанымызды,
Қудайымыз бизлерге тәслим
етти».

25 Олардың кейпи көтерилген-
де: «Самсонды алып келиңлер,
ол бизлердиң кеўлимизди көтер-
син», – деди. Олар Самсонды қа-
мақханадан әкелдирип, оны мазақ
қыла баслады. Сонда оны өрелер-
диң арасына турғызып қойған еди.
26 Самсон өзиниң қолынан услап
келген хызметшиге:
– Мен усы жайды тиреп турған
өрелерге қолымды қойып, оларға
сүйенип турайын, – деди.
27 Бутхананың иши еркек ҳәм ҳа-
яллларға толы болып, филистлер-
диң барлық ҳүкимдарлары да сол
жерде еди. Үш мыңға жақын еркек
ҳәм ҳаяллар Самсонды тамаша қы-
лыў ушын тамның басында тур еди.
28 Самсон Жаратқан Ийеге:
«Қудай Ийе, мени есиңе ал. Жал-
барынаман, маған және бир мәрте
күш бер, о Қудайым. Бир умтылған-
да, филистлерден еки көзим ушын
өш алайын», – деп жалбарынды.
29 Соңынан ол бутхананы тиреп
турған орайлық өрелердиң бирин-
шисине оң қолын, ал екиншисине
шеп қолын тиреди де: 30 «Филист-
лер менен бирге өлейин!» – деди
ҳәм бар күши менен өрелерди ий-
терип жиберди. Бутхана филист-
лердиң ҳүкимдарларының ҳәм
ишиндеги адамлардың ҳәммеси-
ниң үстине қулап түсти. Солай етип,
Самсон өлип баратырып, тири ўақ-
тында өлтиргенлеринен гөре көби-
рек адамларды өлтирди.
31 Самсонның туўған-туўысқан-
лары ҳәм пүткил үй-иши келип,
оның өлигин алып кетти. Олар
Самсонды әкеси Маноахтың Сора
менен Эштаол арасындағы қәби-
рине жерледи. Самсон Израилда
жигирма жыл бийлик қылған еди.

### Миханың бутлары

17 1 Эфрайымның таўлы үлке-
синде Миха атлы бир адам
бар еди. 2 Миха анасына:
– Сеннен урланған бир мың бир
жүз шекел гүмис есиңде ме? Сен
оны урлағанды көз алдымда ғарға-
ған едиң-ғо. Сол гүмис менде, оны
мен алған едим, – деди.
Сонда анасы оған:
– Сени Жаратқан Ийе жарылқа-
сын, балам! – деди. 3 Миха бир мың
бир жүз шекел гүмисти анасына
қайтарып берди.
Ал анасы:
– Улымның бир жонылған ҳәм
бир қуйма бут ислетиўи ушын, мен
бул гүмисти Жаратқан Ийеге ба-
ғышлайман. Улым, гүмисти өзиңе
қайтарып берип атырман, – деди.
4 Солай етип, анасы Миха қайта-
рып берген гүмистен еки жүз шекел

алып, оны зергерге берди. Зергер
оннан бир жонылған ҳәм бир қуй-
ма бут ислеп берди. Олар Миханың
үйине қойылды.
5 Миханың сыйыныў ушын сал-
дырған мухаддес үйи бар еди. Ол
бир эфод[a] ҳәм кийели мүсинлерди
ислетип, улларының бирин руўха-
ний етип тайынлады. 6 Ол дәўирде
Израилда патша жоқ болып, ҳәр
ким өзине дурыс болып көринген
исти ислейтуғын еди.
7 Сол ўақытлары Яҳуда урыўы-
ның Бейтлеҳем қаласында жасап
атырған лебийли бир жас жигит
бар еди. 8 Ол жасаўға басқа бир жер
табыў ушын, Яҳуданың Бейтлеҳем
қаласынан шықты да, жол-жөнекей
Эфрайымның таўлы үлкесиндеги
Миханың үйине келди.
9 Миха оннан:
– Қай жерден киятырсаң? – деп
сорады. Ол Михаға:
– Яҳуданың Бейтлеҳем қаласынан
киятырман. Өзим лебийлимен, жа-
сайтуғын жер излеп жүрмен, – деди.
10 Миха оған:
– Мениң үйимде қалып, мениң
кеңесгөйим ҳәм руўханийим бол.
Мен саған жылына он шекел гү-
мис берейин, тамағыңды тойды-
райын ҳәм кийиндирейин, – деди.
11 Солай етип, лебийли жигит Ми-
ханың үйинде жасаўға келисим
берди. Миха да оны өз улындай
көрди. 12 Миха лебийлини руўха-
ний етип тайынлады ҳәм ол Миха-
ның үйинде жасап қалды. 13 Сонда
Миха: «Енди мен Жаратқан Ийе-
ниң маған жақсылық қылатуғынын
билемен. Өйткени мениң лебийли
руўханийим бар», – деди.

### Данлылардың Лайышқа жайласыўы

18 1 Сол дәўирде Израилда
патша жоқ еди. Сонда Дан
урыўы мәканлайтуғын жер излеп
атырған еди. Өйткени оларға Изра-
ил урыўлары арасында өзлерине ти-
йисли үлес жер еле берилмеген еди.
2 Солай етип, данлылар өз урыўын-
дағы барлық тийрелери ишинен Со-
ра ҳәм Эштаол қалаларынан болған
бес батыр жигитти жерлерди көз-
ден өткерип, оларды билип қайтыў
ушын жиберди. Олар жигитлерге:
– Барып, жерлерди көзден өтки-
зиңлер, – деди.
Жигитлер Эфрайымның таўлы
үлкесинде жайласқан Миханың
үйине келди ҳәм сол жерде түнеп
қалды. 3 Олар Миханың үйиниң
жанында турғанда, лебийли жас
жигитти сөйлеген сөзиниң өзге-
шелигинен таныды ҳәм сол тәреп-
ке бурылып, оннан:
– Сени бул жерге ким әкелди? Бул
жерде не ислеп атырсаң? Не ушын
бул жердесең? – деп сорады.
4 Лебийли жигит Миханың өзи-
не не ислегенлерин айтып:
– Миха мени жаллады, мен оған
руўханийлик қыламан, – деди.
5 Сонда данлылар оған:
– Бизлердиң баратырған бул жо-
лымыздың сәтли яки сәтсиз екенин
Қудайдан сорап, билип бер, – деди.
6 Руўханий оларға:
– Қәўетерленбей кете бериң-
лер, Жаратқан Ийе баратырған

---

a **17:5** *Эфод* – сөзликке қараң.

жолыңызда яр болады, – деп жу-
ўап берди.
7 Солай етип, сол бес адам жолға
шығып, Лайышқа келди. Олар қа-
ла халқының сидонлылар сыяқлы
қәўипсиз, тыныш ҳәм бийғам өмир
сүрип атырғанын көрди. Бул үл-
кениң халқына ҳүкимин өткизип,
жәбир беретуғын ҳеш ким жоқ еди.
Олар сидонлылардан узақта болып,
ҳеш ким менен қарым-қатнас жа-
самайтуғын еди.
8 Бес жигит Сора ҳәм Эштаолға,
урыўласларының жанына қайтқан-
да, урыўласлары олардан:
– Қандай хабар алып келдиңлер? –
деп сорады.
9 Жигитлер оларға былай деп жу-
ўап берди:
– Жүриңлер, сидонлыларға ҳү-
жим етейик. Бизлер олардың же-
рин көрдик, ол жүдә жақсы жер
екен. Не қылып турсызлар? Ир-
килмей барып, оған ийелик етейик.
10 Ол жерге барғаныңызда, бийғам
жасап атырған халықты ҳәм жүдә
кең жерди көресизлер. Ҳеш қандай
кемшилиги жоқ ол жерди Қудай
қолыңызға тапсырып атыр.
11 Сонда Дан урыўынан алты жүз
адам қуралланып, Сора ҳәм Эшта-
олдан жолға шықты. 12 Олар Яҳудаға
келип, Кирят-Ярим қаласының жа-
нында орда қурды. Сол себепли Кир-
ят-Яримниң батысындағы бул жер
бүгинги күнге дейин Махане-Дан[a]
деп аталады. 13 Данлылар сол жер-
ден Эфрайымның таўлы үлкесине
қарай кетип, Миханың үйине келди.
14 Лайыш журтын көзден өткериў-
ге кеткен бес жигит урыўласларына:
– Сизлер мына үйлердиң биринде
эфод, кийели мүсинлер, жонылған
бир бут ҳәм қуйма бир бут бар еке-
нин билесизлер ме? Енди не ислеў
кереклигин өзлериңиз шешиңлер, –
деди. 15 Сонда олар лебийли жас
жигит жасап атырған Миханың
үйине келип, лебийлиден ҳал-аў-
ҳал сорады. 16 Ал қуралланған алты
жүз данлы адам дәрўазаның ки-
рер аўзында турды. 17 Жерди көз-
ден өткерген бес жигит үйге кирип,
эфодты, кийели мүсинлерди ҳәм
жонылған бут пенен қуйма бутты
алып шықты. Руўханий ҳәм қурал-
ланған алты жүз адам дәрўазаның
кирер аўзында турған еди.
18 Олардың Миханың үйине ки-
рип, эфодты, кийели мүсинлерди
ҳәм бутларды алып шыққанын көр-
ген руўханий олардан:
– Не қылып атырсызлар? – деп
сорады.
19 Олар руўханийге:
– Үниңди өшир, аўзыңды жап.
Сен бизлер менен бирге жүр де,
бизлерге кеңесгөй ҳәм руўханий
бол. Саған бир адамның үйинде
руўханийлик еткениң жақсы ма, я
Израилдың бир урыўы ямаса бир
тийресине руўханийлик еткениң
жақсы ма? – деди. 20 Руўханий қу-
ўанып кетти. Ол эфодты, кийели
мүсинлерди ҳәм бутты алып, сол
адамлар менен бирге кетти. 21 Дан-
лылар бала-шағаларын, малларын
ҳәм дүнья-мүлкин алдына салып,
жолға шықты.
22 Данлылар Миханың үйинен
узақласқанда, Миханың қоңсы-қо-
балары жыйналып, оларды қуўып

---

[a] **18:12** *Махане-Дан* – «Дан ордасы» деген мәнисте.

жетти. [23] Олар данлылардың изи-
нен бақырғанда, данлылар артына
бурылып қарап, Михаға:
– Не болып қалды, неге адамлар-
ды жыйнап келдиң? – деди.
[24] Миха оларға:
– Сизлер мениң руўханийимди
ҳәм соқтырған бутларымды алып
кеттиңлер. Маған не қалды өзи?
Және меннен: «Саған не болды?» –
деп сорағаныңыз неси?! – деди.
[25] Данлылар оған:
– Үниңди өшир! Болмаса, адамла-
рымыздың базылары ғәзепленип,
ҳүжим етсе, өзиңди де, шаңара-
ғыңды да набыт қыласаң, – деди.
[26] Соннан кейин, данлылар жол-
ларын даўам етти. Миха олардың
өзинен гөре күшлирек екенлигин
көрип, үйине қайтып кетти.
[27] Ал данлылар Миханың соқ-
тырған затларын ҳәм руўханийин
жанына алып, Лайышқа қарай кет-
ти. Олар тыныш ҳәм бийғам қала
халқын қылыштан өткерип, қала-
ға от берди. [28] Бейт-Рехобтың жа-
нындағы ойпатлықта жайласқан
Лайыш қаласына жәрдемге келе-
туғын ҳеш ким болмады. Өйтке-
ни Лайыш Сидоннан узақта болып,
басқа қалалар менен қарым-қатнас
жасамайтуғын еди.
Дан урыўы қаланы жаңадан қу-
рып, сол жерге орналасып қалды.
[29] Олар Израилдың улы болған ба-
басы Данның ҳүрметине қаланы
Дан деп атады. Қаланың ески аты
Лайыш еди. [30] Данлылар жонылған
бутты сол жерге орнатты. Муўса-
ның ақлығы болған Гершомның
улы Ионатан ҳәм оның урпақлары
сүргинге дейин Дан урыўына руў-
ханийлик қылды. [31] Қудайдың Үйи
Шилода болған ўақыт даўамында,
данлылар Миха ислеткен жоныл-
ған бутқа табынды.

### Лебийли адам ҳәм оның тоқалы

**19** [1] Израилда патша болма-
ған дәўирде, Эфрайымның
таўлы үлкесиниң алыс түпкирин-
де лебийли бир адам жасайтуғын
еди. Сол лебийли адам Яҳуданың
Бейтлеҳем қаласынан өзине бир
тоқал алды. [2] Бирақ тоқалы оған
опасызлық етти ҳәм оны таслап,
әкесиниң үйине, Яҳуданың Бейт-
леҳем қаласына кетип қалды. Ҳаял
сол жерде төрт ай болғанда, [3] күйе-
ўи оның кеўлин таўып, қайтарып
алып келиў ушын изинен келди.
Ол өзи менен бирге хызметшисин
ҳәм еки ешегин алып келген еди.
Ҳаял оларды әкесиниң үйине кир-
гизди ҳәм ҳаялдың әкеси лебийли-
ни көргенде, оны қуўаныш пенен
күтип алды. [4] Лебийлиниң қәйин
атасы, яғный тоқалының әкеси
оны үш күн қонақ қылды. Олар
сол жерде ишип-жеди ҳәм түнеп
қалды.
[5] Төртинши күни олар ерте турды.
Қыздың әкеси кетиўге таярланып
атырған күйеў баласына:
– Нан-пан жеп, ҳәлленип ал, соңы-
нан қайтарсызлар, – деди. [6] Екеўи
бирге отырып, ишип-жеп болған-
нан кейин, қәйин атасы оған:
– Бүгин де түнеп қалып, кеўлиңди
хошла, – деди. [7] Лебийли кетпекши
болып орнынан турды, бирақ қә-
йин атасы оны және түнеп қалыўға
көндирди. [8] Бесинши күни лебийли
кетпекши болып, азанда ерте тур-
ды. Сонда қәйин атасы:

– Ишип-жеп, ҳәлленип ал, күн аў-
ғанша күтиң, – деди. Солай етип,
екеўи бирге отырып, ишип-жеп
алды.
9 Сол адам тоқалы ҳәм хызмет-
шиси менен бирге қайтпақшы бол-
ғанда, қәйин атасы оған:
– Қара, күн аўып, кеш болайын
деп тур. Енди бүгин де усы жер-
де қонып қалып, кеўлиңди хошла.
Ертең ерте турып, жолға атланып,
үйиңизге қайтарсызлар, – деди.
10 Бирақ сол адам ол жерде және
түнеп қалыўды қәлемеди. Ол тоқа-
лын алып, жүк артылған еки ешe-
ги менен жолға шықты ҳәм Ебусқа,
яғный Ерусалимге жақын жерге
жетип келди.
11 Олар Ебусқа жақынласқанда,
күн батайын деп турған еди. Сон-
да хызметши хожайынына:
– Ебуслылардың бул қаласына
кирип, усы жерде түнеп қалайық, –
деди.
12 Хожайыны оған:
– Яқ, халқы израиллылар бол-
маған жат қалаға кирмеймиз, ал
Гибаға барамыз, – деди. 13 Кейин
лебийли сөзин даўам етип, хыз-
метшисине:
– Жүр, Гибаға ямаса Рамаға же-
тип қалайық. Екеўиниң биреўинде
түнеп қалармыз, – деди.
14 Солай етип, олар жолын даўам
етти ҳәм Бенямин урыўының Гиба
қаласына жақынласқанда, қуяш та
батып қалған еди. 15 Олар түнеп қа-
лыў ушын, Гибаға қарай бурылды
да, барып, қала майданында отыр-
ды. Бирақ ҳеш ким оларды үйине
мирәт етпеди.
16 Кеште, бир ғарры атыз жу-
мысынан қайтып киятыр еди. Ол
Эфрайымның таўлы үлкесинен бо-
лып, Гибада жасайтуғын еди. Ал
қала халқы болса, беняминлилер
еди. 17 Ғарры қала майданындағы
жолаўшыларды көрип, лебийлиден:
– Қай жерден келип, қай жерге ба-
ратырсызлар? – деп сорады.
18 Лебийли адам ғаррыға былай
деп жуўап берди:
– Яҳуданың Бейтлеҳем қаласынан
киятырмыз. Эфрайымның таўлы
үлкесиндеги узақ бир жерге, өзим
жасайтуғын жерге кетип баратыр-
мыз. Мен Бейтлеҳем қаласына бар-
ған едим, енди Жаратқан Ийениң
үйине қайтып баратырман. Бирақ
ҳеш ким мени үйине мирәт етпеди.
19 Бизлерде ешеклеримиз ушын от-
жем, өзим, тоқалым ҳәм хызмет-
шим ушын аўқат ҳәм шарап бар.
Бизлер ҳеш нәрсеге мүтәж емеспиз.
20 Ғарры оған:
– Кеўлиң тоқ болсын. Барлық ке-
рекли нәрселерди өзим берейин,
тек ғана көшеде қонып қалма, – де-
ди. 21 Ғарры оларды үйине алып
барып, ешеклерине жем берди. Қо-
нақлар аяқларын жуўып, соңынан
ишип-жеди.
22 Олар жаңа кеўиллерин жазып
отырғанда, қалада жасаўшы бузық
адамлар үйди қоршап алды. Олар
қапыны қағып, үйдиң ийеси бол-
ған ғаррыға:
– Үйиңе келген адамды сыртқа
шығар, бизлер оның менен жата-
йық, – деп бақырысты.
23 Үй ийеси сыртқа шығып, олар-
ға былай деди:
– Яқ, туўысқанларым, бундай
жаўызлық қылмаңлар. Бул адам
мениң үйиме келген қонағым-ғо,
оған бундай масқарашылықты

ислемеңлер. 24 Мине, үйимде ер-
кек қолы тиймеген қызым ҳәм бул
адамның тоқалы бар. Мен оларды
сыртқа шығарып берейин. Сизлер
олар менен жатыңлар ҳәм оларға
қәлегениңизди ислеңлер. Бирақ
бул адамға бундай масқарашылық-
ты ислемеңлер.

25 Бирақ адамлар оны тыңлама-
ды. Сонда лебийли тоқалын ийте-
рип сыртқа шығарды да, олардың
қолына тапсырды. Адамлар түн
бойы ҳаялды зорлап, оның намы-
сына тийди ҳәм таңға шамалас оны
жиберди. 26 Ҳаял таң сәҳәрде хо-
жайыны қонып қалған үйдиң қа-
пысына келип жығылды ҳәм қуяш
шыққанша, сол жерде жатты.

27 Ҳаялдың хожайыны жолын
даўам етиў ушын азанда турып,
есикти ашты. Сонда ол қолларын
босағаға қойып жатырған тоқалын
көрди. 28 Ол ҳаялға:

– Орныңнан тур, кетемиз, – деди.
Бирақ ҳаял жуўап бермеди. Лебий-
ли оны ешегине жүклеп, үйине қа-
рай жүрип кетти.

29 Ол үйине жеткенде, қолына пы-
шақ алды да, тоқалының өлигин он
еки бөлекке бөлип, пүткил Израил
жерине тарқатып жиберди. 30 Буны
көргенлердиң ҳәммеси: «Израил-
лылар Мысырдан шыққалы берли
бүгинге дейин бундай ўақыя болып
көрген емес. Бул туўралы ойласып,
кеңесиңлер ҳәм не ислеўимиз ке-
реклигин айтыңлар», – дести.

### Бенямин урыўына қарсы урыс

20 1 Даннан Беер-Шебаға де-
йинги аралықта ҳәм Ги-
лад жеринде жасайтуғын пүткил
Израил халқы жолға шықты. Олар
бир жағадан бас шығарып, Миспа-
ға, Жаратқан Ийениң алдына жый-
налды. 2 Қудайдың халқының бул
жыйынына Израил халқының ҳәм
пүткил урыўларының басшылары
қатнасыўға келди. Ол жерде қурал-
ланған төрт жүз мың әскер бар еди.
3 Сол арада Бенямин урыўы изра-
иллылардың Миспаға жыйналға-
нын еситкен еди.

Израиллылар:

– Бул жаўызлықтың қалай бол-
ғанын бизлерге түсиндирип бе-
риң, – деди.

4 Өлтирилген ҳаялдың лебийли
күйеўи былай деп жуўап берди:

– Мен түнеў ушын тоқалым менен
бирге бенияминлилердиң Гиба қа-
ласына келдим. 5 Сонда Гибаның
адамлары мени өлтирмекши болып,
түнде үйди қоршап алды ҳәм олар
тоқалымды зорлады. Тоқалым сол
себепли өлди. 6 Мен оның өлигин
алып бөлекледим ҳәм ҳәр бир бө-
лекти пүткил Израил жери бойлап
жибердим. Себеби олар Израилда
жаўыз ҳәм уят исти иследи. 7 Ҳәй,
Израил халқы! Минекей, ҳәмме-
ңиз усы жердесиз, енди сизлер бул
исти қарап шығып, шешимиңизди
айтыңлар.

8 Сол жердеги пүткил халық бир
аўыздан былай деди:

– Бизлердиң ҳеш биримиз ша-
тырларымызға кетпеймиз, үйлери-
мизге қайтпаймыз. 9 Енди бизлер
Гибаға былай ислеймиз: оған шек
бойынша ҳүжим жасаймыз. 10 Әс-
керлерди азық-аўқат пенен тә-
мийинлеў ушын, пүткил Израил
урыўларынан ҳәр жүз адамнан он,
мың адамнан жүз, он мың адамнан

мың адам сайлап алынады. Ал қал-
ғанлары бенияминлилердиң Гиба
қаласына барып, оларды Израилда
ислеген уят иси ушын жазалайды.
11 Солай етип, пүткил израил-
лылар бир жағадан бас шығарып,
Гибаға қарсы жыйналды.
12 Израил урыўлары Бенямин
урыўына адамларын жиберип:
«Араңызда бундай жаўызлық не-
ге исленди? 13 Гибадағы сол бузық
адамларды ҳәзир-ақ қолымызға
тапсырың. Бизлер оларды өлти-
рип, Израилдан жаўызлықты жоқ
етейик», – деди.

Бирақ бенияминлилер израиллы
туўысқанларына қулақ салмады.
14 Израиллыларға қарсы урысыў
ушын, бенияминлилер өз қалала-
рынан Гибаға келди. 15 Сол күни
Гиба халқынан болған жети жүз
ағла жаўынгерден тысқары, беня-
минлилердиң басқа қалаларынан
келген, қуралланған жигирма ал-
ты мың адам жыйналды. 16 Олар-
дың арасында солақай болған жети
жүз ағла жаўынгер бар еди. Олар-
дың ҳәммеси, ҳәтте, бир тал шашты
нышан қылып қойғанда да, сақпан
менен урып тийгизе алатуғын еди.
17 Бенияминлилерден басқа, из-
раиллылардан қуралланған төрт
жүз мың адам жыйналды. Олардың
ҳәммеси жаўынгер адамлар еди.
18 Израиллылар Бейт-Элге барып,
Қудайдан: «Бенияминлилер менен
урысыўға бизлерден биринши бо-
лып ким барады?» – деп сорады.
Жаратқан Ийе оларға: «Биринши
болып яҳудалылар урысқа шыға-
ды», – деди.
19 Израиллылар азанда жолға
шығып, Гибаның қарсы алдына
әскерий орда қурды. 20 Израиллы-
лар Бенямин урыўы менен саўаш-
қа түсиў ушын, Гибада сап тартып
турды. 21 Гибадан шыққан беня-
минлилер сол күни израиллы-
лардан жигирма еки мың адамды
өлтирди. 22 Бирақ Израил халқы
бир-бирин жигерлендирип, ал-
дынғы күни турған жеринде жә-
не сап тартып турды. 23 Сонда
израиллылар Бейт-Элге барып,
Жаратқан Ийениң алдында кеш-
ке дейин жылады ҳәм Жаратқан
Ийеден: «Туўысқанларымыз бол-
ған бенияминлилер менен және уры-
сыўға шығайық па?» – деп сорады.
Жаратқан Ийе оларға: «Аўа, оларға
қарсы урысыңлар», – деди.
24 Солай етип, израиллылар
екинши күни және бенияминли-
лерге қарсы жүрис қылды. 25 Сол
күни Бенямин урыўы да Гибадан
оларға қарсы атланып, израиллы-
лардан қолына қылыш көтерген
және он сегиз мың адамды өлтирди.
26 Сонда пүткил Израил хал-
қы Бейт-Элге барып, ол жерде
Жаратқан Ийениң алдында оты-
рып жылады ҳәм сол күни кешке
дейин ораза тутты. Және де, олар
Жаратқан Ийеге жандырылатуғын
қурбанлықлар ҳәм татыўлық қур-
банлықларын усынды. 27-28 Сол ўа-
қытта Қудайдың Келисим сандығы
Бейт-Элде еди. Харонның ақлығы,
Элазардың улы болған Пинехас сол
жерде, сандықтың жанында руўха-
ний болып хызмет ететуғын еди.
Израиллылар Жаратқан Ийеден:
«Туўысқанларымыз болған беня-
минлилер менен урысыўды даўам
етейик пе ямаса тоқтатайық па?» –
деп сорады. Жаратқан Ийе оларға:

«Урысты даўам етиңлер. Себеби ер-
тең оларды сизлерге тәслим қыла-
ман», – деди.
29 Израиллылар Гибаның ай-
наласында буққы таслап жатты.
30 Олар үшинши күни бенямин-
лилерге қарсы ҳәрекетке өтип, бу-
рынғыдай қала қарсысында сапқа
дизилип турды. 31 Беняминлилер
де оларға қарсы шығып, қаладан
узақласып кетти. Олар Бейт-Эл-
ге ҳәм Гибаға баратуғын жоллар-
да, ашық майданларда алдынғысы
сыяқлы израиллыларды өлтире
баслады. Израиллылардан отыз-
ға шамалас адам өлтирилди.
32 Беняминлилер: «Өткен сапар-
дағыдай оларды және жеңилиске
ушыратамыз», – дести. Ал израил-
лылар болса: «Олардан қашайық
ҳәм оларды қаладан узақласты-
рып, жолларға шығарайық», –
дести. 33 Сонда израиллылардың
барлығы өз орынларынан шы-
ғып, Баал-Тамарда сапқа дизи-
лип турды. Гибаның әтирапында
буққыда жатырған израиллылар
да орынларынан атлығып шық-
ты. 34 Солай етип, Израилдың он
мың ағла жаўынгери Гибаға ҳүжим
жасады. Ғыжлаған урыс басланды.
Беняминлилер басына түсетуғын
апаттан хабарсыз еди. 35 Жаратқан
Ийе беняминлилерди израиллы-
лар алдында жеңилиске ушыратты.
Израиллылар сол күни бенямин-
лилерден қолына қылыш услаған
жигирма бес мың бир жүз адамды
өлтирди. 36 Сонда беняминлилер
жеңилиске ушырағанын түсин-
ди. Ал израиллылар артқа шеги-
нип, беняминлилерге жол берди.
Өйткени олар Гиба айналасында
буққыда жатырғанларға исенету-
ғын еди. 37 Буққыдағылар тосат-
тан Гибаға ҳүжим жасап, қаладағы
пүткил халықты қылыштан өткер-
ди. 38 Буққыдағылар менен изра-
иллылар арасында келисилген бир
белги бар еди. Қалаға от берилип,
қойыў түтинниң аспанға көтери-
лиўи – ҳүжимге өтиўдиң белгиси
еди. 39 Сол ўақытта израиллылар
саўаш майданынан артқа бурылып,
ҳүжимге өтиў керек еди.

Сол арада беняминлилер изра-
иллылардың отызға жақын ада-
мын өлтирген еди. Сол себептен
беняминлилер: «Бурынғы саўаш-
тағы сыяқлы, израиллылар биз-
лерден және жеңиледи», – деди.
40 Бирақ қаладан қойыў түтин кө-
териле баслағанда, беняминлилер
артына бурылып қарап, пүткил
қаладан аспанға түтин көтерилип
атырғанын көрди. 41 Олар изине
бурылып киятырған израиллы-
ларды көргенде, албырасып қал-
ды. Өйткени олар басларына апат
түскенин билген еди. 42 Бенямин-
лилер израиллылардан жол бой-
лап, шөлге қарай қашса да, урыстан
қашып қутыла алмады. Ал қала-
лардан шыққан израиллылар да
оларды қыра баслаған еди. 43 Со-
лай етип, израиллылар бенямин-
лилерди қоршап алды ҳәм оларды
Гибаның шығысындағы жерлерге
дейин қуўып, қыйратты. 44 Беня-
минлилерден он сегиз мың адам
өлтирилди. Олардың ҳәммеси де
мәрт әскерлер еди. 45 Олардың аман
қалғанлары шөлге, Риммон жарта-
сына қарай қаша баслады. Израил-
лылар жол-жөнекей олардан және
бес мың адамды өлтирди. Оларды

Гидомға дейин қуўып барып, және
еки мыңын өлтирди.
46 Сол күни беняминлилерден
ҳәммеси болып жигирма бес мың
адам өлтирилди. Олардың ҳәм-
меси де қолына қылыш услаған
мәрт әскерлер еди. 47 Бирақ ал-
ты жүз адам шөлге қашып барып,
Риммон жартасын паналады.
Олар сол үңгирде төрт ай қалды.
48 Израиллылар беняминлилерге
қайтып барып, қалалардағы адам-
ларды, малларды ҳәм дус келген-
ниң ҳәммесин қылыштан өткерди.
Алдыларынан шыққан барлық қа-
лаларға от берди.

## Беняминли жигитлердиң үйлендирилиўи

21 1 Израиллылар Миспада:
«Ҳеш биримиз бенямин-
лилерге қыз бермеймиз», – деп
ант ишкен еди.
2 Халық Бейт-Элге келди ҳәм сол
жерде Жаратқан Ийениң алдында
кешке дейин отырып, дад салып,
зар жыласты. 3 Олар: «Израилдың
Қудайы Жаратқан Ийе! Неге Изра-
илда булай болды? Не ушын Из-
раилдың бир урыўы жоқ болып
кетти?» – деди.
4 Келеси күни халық азанда ерте
турды да, қурбанлық орын ислеп,
жандырылатуғын қурбанлықлар
ҳәм татыўлық қурбанлықларын
усынды.
5 Сонда израиллылар: «Жаратқан
Ийениң алдындағы жыйыны-
мызға Израил урыўларынан қай-
сы урыў келмей қалды?» – деп
сорады. Себеби олар Миспаға,
Жаратқан Ийениң алдындағы
жыйынға келмегенлердиң сөзсиз
өлтирилетуғынын айтып, қатаң
ант ишкен еди. 6 Израиллылар бен-
яминли туўысқанлары ушын қай-
ғырысып, былай деди: «Израил
бүгин бир урыўынан айырылды.
7 Аман қалған беняминлилерге ҳа-
ял болатуғын қызларды қаяқтан
табамыз? Себеби бизлер қызла-
рымызды оларға ҳаяллыққа бер-
меймиз деп, Жаратқан Ийе ҳақы
ант ишкен едик».
8 Соңынан олар: «Миспаға,
Жаратқан Ийениң алдына Израил
урыўларынан ким келмеди?» – деп
сорады. Солай етип, ордадағы жы-
йынға Ябеш-Гиладтан ҳеш кимниң
келмегени мәлим болды. 9 Өйтке-
ни келгенлер көзден өткерилгенде,
Ябеш-Гиладтан ҳеш ким жоқ еди.
10 Сонлықтан жыйналғанлар
Ябеш-Гиладқа он еки мың мәрт
әскерди жиберип, оларға былай
деди: «Барыңлар, Ябеш-Гилад хал-
қын, сондай-ақ ҳаял ҳәм балаларын
да қылыштан өткериңлер. 11 Орын-
лайтуғын исиңиз мынадан ибарат:
ҳәр бир еркекти ҳәм еркек қолы
тийген ҳәр бир ҳаялды өлтириң-
лер». 12 Олар Ябеш-Гилад халқы
арасынан еркек қолы тиймеген
төрт жүз қыз таўып, оларды Қа-
нан жериндеги Шилодағы ордаға
алып келди.
13 Соңынан барлық жыйналған-
лар Риммон үңгириндеги бенямин-
лилерге адам жиберип, тынышлық
жәриялады. 14 Сонда бенямин ли-
лер қайтып келди. Жыйналғанлар
Ябеш-Гилад халқынан тири қалды-
рылған қызларды оларға ҳаяллық-
қа берди. Бирақ қызлардың саны
олардың ҳәммеси ушын жеткилик-
сиз болып шықты.

[15] Израил халқы бенияминлилердиң жағдайына қайғырды. Өйткени Жаратқан Ийе Израил урыўларының бирлигин бузған еди.
[16] Жыйындағы ақсақаллар: «Бениаминлилердиң барлық ҳаяллары өлтирилгенликтен, қалған еркеклерди үйлендириў мәселесин қалай шешемиз?» – деди. [17] Ақсақаллар
даўам етип: «Израилдан бир урыў жоқ болып кетпеўи ушын, тири қалған бенияминлилердиң мийрасхорлары болыўы керек. [18] Бизлер
оларға қызларымызды ҳаяллыққа бере алмаймыз. Себеби: „Бенияминлилерге қыз берген ҳәр бир израиллы нәлетленсин“, – деп ант ишкен едик», – деди. [19] Соңынан
олар: «Минекей, Шилода ҳәр жылы Жаратқан Ийеге арнап байрам өткизиледи», – деди. Шило Бейт-Элдиң арқа тәрепинде, Бейт-Элден Шехемге кететуғын жолдың шығысында, Лебонаның қубласында жайласқан еди.

[20] Солай етип, олар бенияминлилерге былай деп үйретти: «Барып, жүзим бағы ишинде жасырынып
турыңлар. [21] Дыққат пенен қарап
турыңлар. Шилоның қызлары ойынға шыққанда, дәрҳал жүзим бағынан шығып, ҳәр бириңиз бир қыздан услап алыңлар да, Бениямин жерине алып қашыңлар. [22] Қыз-
лардың әкелери ямаса әжағалары бизлерге шағым жасап келсе, бизлер оларға: „Бенияминлилерди бизлер ушын кешириңлер. Өйткени тутқынға алған қызларымыз ҳәммесине жетпеди. Ал сизлер қызларыңызды өз қәлеўиңиз бенен бермегениңиз ушын, айыплы саналмайсызлар“, – деп айтамыз».
[23] Бениаминли жигитлер усылай иследи. Қызлар ойынға түскенде, ҳәр бир жигит бир қыздан алып қашты. Олар өзлериниң жерлерине қайтып барып, қалалар салды ҳәм сол жерде жасай баслады.

[24] Соңынан Израил халқы сол жерден тарқап, ҳәр бири өз урыўына, тийресине ҳәм үлесине тийген жерлерине қайтты.

[25] Ол дәўирде Израилда патша жоқ болып, ҳәр ким өзине дурыс болып көринген исти ислейтуғын еди.

# Рут китабы

## Китап ҳаққында мағлыйўмат

Рут китабында бийлер дәўириндеги израиллы бир шаңарақтың өмир тәризи сүўретленеди. Бул шаңарақ соңын ала Израил халқы ушын жүдә әҳмийетли болып қалады, өйткени Руттың шаўлықларының бири Даўыт Израилға патша болады.

Китаптағы екинши бас қаҳарман Руттың енеси Нағыйма болып есапланады. Ол өз күйеўи ҳәм еки баласы менен Бейтлеҳемде жасайтуғын еди. Деген менен, қурғақшылықтан келип шыққан ашлық себепли бул шаңарақ Моаб елине көшип кетеди. Нағыйманың күйеўи сол жерде қайтыс болады. Ал оның еки баласы моаблы қызларға үйленеди. Рут сол қызлардың бири еди.

Нағыйманың еки баласы да Моабта қайтыс болады, кейин ол Бейтлеҳемге қайтыўды шешеди. Нағыйма еки келинине Моабта қалып, турмысқа шығыўды усыныс етеди. Бирақ Рут қалыўдан бас тартып, енеси менен бирге Бейтлеҳемге кетеди. Және де, китапта Руттың Боаз деген бай ағайинине қалай турмысқа шыққаны туўралы айтылады.

Нызам бойынша, моаблылардың Израил халқына қосылыўына рухсат етилмеген. Ал бул китапта Руттың Жаратқан Ийеге қалайынша толығы менен садық ҳәм исенимли болғаны, және де Израил халқына қосылыўға рухсат етилгени ҳаққында баян қылынады.

---

### Элимелехтиң шаңарағы менен Моаб жерине көшип барыўы

**1** [1] Израилды бийлер басқарған
дәўирде елде ашаршылық болды.
Яҳуданың Бейтлеҳем қаласынан бир
адам ҳаялы ҳәм еки улы менен бирге
бир қанша ўақыт жасап турыў ушын
Моаб елине көшип кетти. [2] Ол адам-
ның аты Элимелех, ҳаялының аты
Нағыйма, улларының атлары болса
Махлон ҳәм Килйон еди. Эфратлы[a]
болған бул адамлар Яҳуданың Бейт-
леҳем қаласының турғынлары еди.
Олар Моаб елине жетип келип, сол
жерде жасап қалды.

---

[a] **1:2** *Эфратлы* – Бейтлеҳемниң әтирапындағы Эфрата деген жерден келген адамлар болыўы мүмкин. 4:11 қараң.

3 Арадан бир қанша ўақыт өт-
кеннен кейин, Нағыйманың кү-
йеўи Элимелех қайтыс болды. Ол
еки улы менен жесир болып қалды.
4 Оның еки улы моаблы қызлар-
ға үйленди: биринши келининиң
аты Орпа, ал екинши келининиң
аты Рут еди. Моабта жасағанына
он жылдай болғанда, 5 Махлон да,
Килйон да бул дүньядан көз жум-
ды. Солай етип, Нағыйма күйе-
ўинен ҳәм еки улынан айырылып,
жалғыз қалды.

### Нағыйма менен Руттың Бейтлеҳемге қайтыўы

6 Моаб елинде жүрген Нағый-
ма: «Жаратқан Ийе Өз халқына
нәзерин түсирип, оларға нан бер-
ди», – деген гәпти еситип, келинле-
ри менен бирге өз елине қайтыўға
бел байлады. 7 Олар жасаған же-
рин – Моаб елин таслап, Яҳудаға
қарай жолға шықты.
8 Жолда киятырып, Нағыйма ке-
линлерине:
– Барыңлар, екеўиңиз де төркини-
ңизге қайтыңлар. Сизлер марҳум
күйеўлериңизге ҳәм маған қан-
дай жақсылық қылған болсаңыз,
Жаратқан Ийе де сизлерге сондай
жақсылық қайтарсын. 9 Жаратқан
Ийе сизлердиң ҳәр бириңизге кү-
йеў берип, үйли-жайлы болып кет-
кейсиз! – деп, олардың бетлеринен
сүйди. Бирақ олар зар жыласып:
10 – Яқ, бизлер сениң менен бирге
сениң халқыңа баражақпыз, – деди.
11 Сонда Нағыйма келинлерине
былай деди:
– Қызларым, үйлериңизге қай-
тыңлар! Мениң менен кеткени-
ңизден не пайда? Сизлерге күйеў
болғандай, қурсағымда балам бар
ма еди? 12 Барыңлар, кейниңизге
қайтыңлар, қызларым! Мен енди
қартайдым, күйеўге шыға алмай-
ман. Егер де мен еле де үмит қыл-
сам болады, деп усы түни күйеўим
менен қосылып уллар туўсам да,
13 олар ержеткенше сизлер күтип
отырар ма едиңиз? Соларға қарап,
турмысқа шықпай жүрер ме еди-
ңиз? Яқ, қызларым, Жаратқан Ийе
мени соншама бахытсызлықларға
дуўшар етти. Мениң қайғы-ҳәсире-
тим сизлердикинен де күшлирек.
14 Келинлер және зар жыласты.
Ақыры Орпа енеси менен сүйисип
хошласты. Ал Рут болса енесинен
айырылғысы келмей, оның менен
бирге қалды.
15 Нағыйма Рутқа:
– Мине, абысының өз халқына
ҳәм өз кудайына[а] қайтып бара-
тыр. Сен де оның изине ерип кете
бер! – деди.
16 Бирақ Рут былай деди:
– Сени таслап кетиўге мени мәж-
бүр етпе! Сен қай жерге барсаң, мен
де сол жерге бараман, сен қай жерде
болсаң, мен де сол жерде боламан.
Сениң халқың мениң халқым, се-
ниң Қудайың мениң Қудайым бо-
лады. 17 Сен қай жерде дүньядан
көз жумсаң, мен де сол жерде өлип,
жерленемен. Егер де мен өлимнен
басқа бир себеп пенен сеннен айы-
рылсам, Жаратқан Ийе мени жаза-
лаған үстине жазаласын.

---

а **1:15** *Өз кудайына* – моаблылар Кемош атлы кудайға сыйынатуғын еди. 3Пат 11:33 қараң.

**18** Нағыйма Руттың өзи менен
бирге кетиўге қатаң қарар еткенин
көрип, оны қайтып үгитлемеди.
**19** Солай етип, екеўи Бейтлеҳемге
қарай жүрип кетти. Олар Бейтле-
ҳемге жетип келгенде, барлық қала
халқы жанланып кетип, ҳаяллар:
– Ҳаў, бул Нағыйма емес пе? – дести.
**20** Нағыйма оларға былай деди:
– Мени енди Нағыйма[a] деп емес, ал
Мара[b] деп атаңлар. Себеби Қудире-
ти күшли Қудай мениң басыма көп
қайғы-ҳәсирет салды. **21** Бул жерден
кеткенимде мен ҳәммесине ийе едим,
бирақ Жаратқан Ийе мени қуры қол
қайтарды. Неге мени Нағыйма деп
атап атырсызлар? Қудирети күшли
Қудай мени азап-ақыретлерге дуў-
шар қылып, бахытсыз етти-ғо.
**22** Солай етип, Нағыйма Моаб
елинен келини болған моаблы Рут
пенен бирге қайтты. Олар Бейтле-
ҳемге келген ўақытта арпа орағы
басланған еди.

### Рут ҳәм Боаздың ушырасыўы

**2** **1** Нағыйманың күйеўи Элиме-
лехтиң Боаз деген тийрелес аға-
йини бар еди. Ол абырайлы ҳәм бай
адам еди. **2** Бир күни моаблы Рут
Нағыймаға:
– Мен атызға барайын. Мийримли
биреўди ушыратсам, соның атызы-
нан масақ терип келейин[c], – деди.
– Яқшы, қызым, бара ғой, – де-
ди Нағыйма.
**3** Рут атызға барды да, орақшы-
лардың изинен жүрип, масақ тере
баслады. Бул егислик майдан Эли-
мелехтиң тийрелес ағайини Боаз-
дың меншик жери болып шықты.
**4** Сол ўақытта Бейтлеҳемнен Бо-
аз келип, орақшыларға:
– Жаратқан Ийе сизлер менен
бирге болсын! – деди.
Орақшылар оған:
– Сизди Жаратқан Ийе жарылқа-
сын! – деди.
**5** Боаз олардың басқарыўшысынан:
– Бул жас келиншек ким? – деп
сорады.
**6** Орақшылардың басқарыўшы-
сы былай деп жуўап берди:
– Бул Моаб елинен Нағыйма
менен бирге келген моаблы жас
келиншек. **7** Ол маған: «Орақшы-
лардың изинен жүрип, баўлардың
арасына түскен масақты териўиме
рухсат етиң», – деген еди. Шертекте
азғантай ғана дем алғаны болмаса,
ерте азаннан усы ўақытқа дейин
тынбай атызда ислеп атыр.
**8** Боаз Рутқа қарап:
– Қызым, сөзиме қулақ сал. Масақ
териў ушын басқа атызға бармай-
ақ қой. Усы жерде, мениң хызмет-
ши қызларымның қасында жүрип,
тере бер. **9** Орақшылар қайсы атыз-
ды орса, нәзериң сол жерде болып,
қызлардың кейнинен жүре бер.
Хызметшилерге саған тиймеўге
буйрық бердим. Егер шөллесең ба-
рып, хызметшилер толтырып қой-
ған ыдыстан суў ише бер, – деди.
**10** Рут Боаздың алдында ет бети-
нен жығылып, тәжим етти де:

---

[a] **1:20** *Нағыйма* – «жағымлы» дегенди билдиреди.
[b] **1:20** *Мара* – «ашшы, қайғы» дегенди билдиреди.
[c] **2:2** *Масақ терип келейин* – Кәмбағаллардың терип алыўы ушын, шашылған масақлар атызда қалдырылған. Леб 19:9-10; Нзм 24:19.

– Мен бир жат жерли адам бол-
сам да, неге сиз маған нәзер аў-
дарып, мийримлилик көрсетип
атырсыз? – деди.
11 Боаз оған былай деп жуўап
берди:
– Күйеўиң қайтыс болғаннан ке-
йин, енеңе нелерди ислегениңниң
ҳәммесин еситтим. Сен ата-анаңды
ҳәм өз ўатаныңды таслап, бурын
өзиң танымаған халық арасына
жасаўға келдиң. 12 Бул жақсы ис-
лериң Жаратқан Ийеден қайтсын!
Сен Израилдың Қудайы Жаратқан
Ийениң қолы астынан пана изле-
ген екенсең, Оның Өзи сени мол-
мол етип сыйлықласын.
13 Сонда Рут:
– Ендигиден былай да, маған
деген мийримлилигиңиз таўы-
сылмасын, мырзам! Мен сизиң
шорыларыңыздың бирине де ар-
зымайман. Бирақ сиз мендей қу-
лыңызға жубаныш бердиңиз ҳәм
жыллы сөйледиңиз, – деди.
14 Түслик ўақты келгенде, Бо-
аз оған:
– Берман кел, наннан алып, сирке
суўына батырып же, – деди.
Рут орақшылардың жанына ба-
рып отырды. Боаз оған қуўырмаш-
тан узатты. Рут жеп тойып алды
ҳәм жегенинен аўыстырып алып
қойды.
15 Соннан кейин Рут масақ териў
ушын орнынан турып кеткенде,
Боаз хызметшилерге былай деп
буйырды:
– Рут баўлар қасынан да масақ
тере берсин, оны қапа қылыўшы
болмаңлар. 16 Ҳәттеки, оған дәс-
телерден шашып қалдырып кетиң-
лер. Ол терип алсын, оның кеўлине
тиймеңлер.
17 Солай етип, Рут кешке дейин
атызда масақ терди ҳәм тергенле-
рин түйип, суўырғанда бир эфаға[a]
шамалас арпа алды. 18 Рут дәнди
көтерип қалаға қарай жүрип кет-
ти. Ол терип келген дәнин енесине
көрсетти ҳәм түсте өзи жеген азы-
ғынан аўыстырып қалдырғанын
оған берди. 19 Енеси Рутқа:
– Бүгин қай жерде масақ тердиң,
қай жерде иследиң? Саған нәзерин
аўдарған адамды Қудай жарылқа-
сын! – деди.
Рут кимниң атызында жумыс ис-
легенин енесине айтып:
– Бүгин мен ислеген егислик жер-
диң ийеси Боаз деген адам, – деди.
20 Нағыйма келинине:
– Тирилерден ҳәм марҳумлар-
дан Өз мийрим-шәпәәтин аямаған
Жаратқан Ийе сол адамды жарыл-
қасын, – деди. Нағыйма және даўам
етип: – Ол киси бизлерге жақын
адам, әмеңгерлеримиздиң[b] бири
болады, – деди.
21 Моаблы Рут былай деди:
– Аўа, ҳәттеки, ол маған: «Хыз-
метшилерим жыйын-терим ис-
лерин тамамлағанша, олар менен
бирге жүре бер», – деген еди.
22 Нағыйма өз келини Рутқа:
– Жүдә жақсы, қызым, сол адам-
ның хызметши қызлары менен
бирге жүре бергениң жақсырақ.
Басқаның атызына барсаң, саған
азар бериўи мүмкин, – деди.

---

[a] **2:17** *Бир эфа* – шама менен 22 л.
[b] **2:20** *Әмеңгер* – сөзликке қараң.

23 Солай етип, Рут арпа ҳәм бий-
дай орағының ақырына дейин
Боаздың хызметши қызларынан
айырылмады. Ол масақ терип, ене-
си менен бирге жасай берди.

### Руттың Боазға өз өтинишин билдириўи

3 1 Бир күни қәйин енеси Нағый-
ма Рутқа былай деди:
– Қызым, саған жақсы болыўы
ушын, сениң үйли-жайлы болып
кетиўиңе мен жәрдем бериўим ке-
рек емес пе? 2 Айтпақшы, сен өзиң
хызметшилери менен бирге жумыс
ислеген сол Боаз бизлердиң жақын
ағайинимиз-ғо. Минекей, бүгин
түнде ол қырманда арпасын суўы-
рады. 3 Енди сен жуўынып, үстиңе
әтир сеўип, шырайлы кийимиңди
кийип ал, соннан кейин қырманға
бар. Бирақ Боаз қашан ишип-жеп
болмағанша, оған көринбе. 4 Ол
уйықлаўға жатқанда, жатқан же-
рин билип ал. Соннан кейин бар
да, оның аяқ уш бетин ашып, сол
жерде жат. Ол саған не ислеўиң ке-
реклигин өзи айтады.
5 Рут енесине:
– Маған айтқанларыңның ҳәмме-
син орынлайман, – деди.
6 Соннан кейин Рут қырман басы-
на барып, енесиниң тапсырғанла-
рының ҳәммесин орынлады. 7 Боаз
ишип-жеп, кеўли көтерилди ҳәм
гүдиниң қасына барып, уйықлаўға
жатты. Рут әстен сездирмей келди
де, оның аяқ уш бетин ашыңқы-
рап жатты.
8 Түнниң ортасында Боаз шор-
шып оянып кетти. Ол бурылып
қарап, аяқ уш бетинде бир ҳаял-
дың жатырғанын көрди ҳәм оннан:
9 – Сен кимсең? – деп сорады.
Рут оған:
– Мен сизиң шорыңыз Рутпан.
Шорыңызды өз панаңызға алса-
ңыз, себеби сиз әмеңгеримиз бо-
ласыз, – деди.
10 Боаз оған былай деди:
– Қызым, сени Жаратқан Ийе жа-
рылқасын! Сениң бул соңғы жақ-
сылығың алдыңғысынан да уллы.
Себеби сен я кәмбағал болсын, я
бай болсын, жас жигитлер арасынан
өзиңе күйеў излемедиң. 11 Енди қә-
ўетерленбе, қызым. Айтқанларың-
ның ҳәммесин орынлайман. Пүткил
қала халқы сениң адамгершилик-
ли ҳаял екениңди биледи. 12 Ме-
ниң сизлерге әмеңгер екенлигим
дурыс, бирақ меннен де жақыны-
рақ әмеңгериңиз бар. 13 Бүгин түнде
усы жерде қонып қал. Ертең азанда
сол ағайинниң әмеңгерлик ўазыйпа-
сын орынлаўға ыразы болса, онда
жүдә жақсы. Егер де ол әмеңгер-
лик ўазыйпасын орынлаўды қәле-
месе, тири Жаратқан Ийе ҳақы ант
ишемен, бул ўазыйпаны мен орын-
лайман. Енди таңға дейин жата тур.
14 Солай етип, Рут Боаздың аяқ
уш бетинде таң атқанша жатып
қалды. Бирақ ол таң саз берип,
адамлар бир-бирин танымайту-
ғын ўақытта турды. Өйткени Боаз:
«Қырманға ҳаял адамның келгенин
ҳеш ким билмесин», – деген еди.
15 Боаз Рутқа:
– Жаўлығыңды жайып, услап
тур, – деди.
Рут жаўлығын жайып, услап тур-
ды. Боаз жаўлыққа алты өлшем
арпаны өлшеп салып, ийнине ар-
қалатып жиберди. Кейин өзи де
қалаға қарай жүрип кетти.

[16] Рут үйине қайтып келгенде, енеси оннан:

– Қызым, не болды? – деп сорады.

Рут өзине Боаздың не ислегениниң ҳәммесин айтып берди. [17] Соңынан Рут:

– Ол маған: «Қәйин енеңниң алдына қуры қол барма», – деп мына алты өлшем арпаны берип жиберди, – деди.

[18] Енеси оған:

– Қызым, усы истиң ақыры не болатуғынын билгениңше күтип тур. Себеби ол адам бул исти бүгин ақырына жеткермегенше тыным таппайды, – деди.

### Боаздың Рутқа үйлениўи

**4** [1] Боаз қала дәрўазасының жанына барып отырды. Қараса, өзи айтқан әмеңгери қасынан өтип баратыр екен. Боаз оны шақырып:

– Туўысқаным, берман келип, мына жерге отыр, – деди. Сол адам келип отырды. [2] Соңынан Боаз қала ақсақалларынан он адамды жыйнап алып, оларға:

– Келиңлер, сизлер де усы жерде отырыңлар! – деди. Олар келип отырды. [3] Сонда Боаз сол әмеңгерге былай деди:

– Моаб елинен қайтып келген Нағыйма ағайинимиз Элимелехке тийисли жер үлесин сатпақшы. [4] Мен саған мынаны мәлим етпекшимен: усы жерде отырғанлар ҳәм халқымның ақсақаллары алдында сен сол жерди сатып ал. Егер сен әмеңгерлик ўазыйпасын орынламақшы болсаң, орынла. Егер де орынлаўды қәлемесең, онда маған айт, мен билейин. Себеби бул ўазыйпаны орынлаў биринши гезекте сениң мойнында. Ал сеннен кейинги нәўбет меники.

Сол адам:

– Мен әмеңгерлик ўазыйпамды орынлайман, – деди.

[5] Боаз оған:

– Егер сен Нағыймадан жерди сатып алатуғын болсаң, онда марҳумның мүлкин өз атында қалдырыў ушын, оның моаблы жесир ҳаялы Рутты да ҳаяллыққа алыўың керек, – деди.

[6] Сол әмеңгери Боазға:

– Олай болса, мен әмеңгерлик ўазыйпамды орынлай алмайман. Себеби өз мүлкимди жоғалтып алыўым мүмкин. Жақсысы, бул ўазыйпаны сен орынла, өйткени мен орынлай алмайман, – деди.

[7] Әййемги Израилда мынадай дәстүр бар еди: егер биреў әмеңгерлик ўазыйпасын орынлайтуғын ямаса мал-мүликлерин алыс-берис қылатуғын болса, онда бунның дәлили сыпатында биреўи аяқ кийимин шешип, екиншисине беретуғын еди. Мине, бул Израилда тастыйықланған гүўалықтың орнын басатуғын еди.

[8] Солай етип, сол әмеңгер Боазға:

– Өзиң сатып ала бер, – деди де, аяқ кийимин шешип, оған берди.

[9] Боаз ақсақалларға ҳәм барлық халыққа қарап былай деди:

– Бүгин сизлер мынаған гүўасызлар: мен Нағыймадан марҳум Элимелех, Килйон ҳәм де Махлонның барлық мүлкин сатып алып атырман. [10] Және де, мен марҳумның мүлкин өз атында қалдырыў ушын, Махлонның жесири, моаблы Рутты ҳаяллыққа аламан. Марҳумның туўысқанлары арасында ҳәм

өзи жасаған қалада аты өшпесин.
Бүгин сизлер усыған гүўасызлар.
11 Дәрўаза жанында болған пүт-
кил халық ҳәм ақсақаллар:
– Бизлер гүўамыз. Сениң үйи-
ңе киретуғын ҳаялды Жаратқан
Ийе Израил халқының еки түп-
ки анасы Раҳила ҳәм Леадай қыл-
ғай. Эфратада[a] байлықлар ийеси
болғайсаң, Бейтлеҳемде атың ул-
лы болғай. 12 Жаратқан Ийениң
усы жас ҳаялдан саған беретуғын
балалары арқалы сениң урпағың
Тамараның Яҳудаға туўып бер-
ген улы Перестиң урпағындай көп
болғай, – деди.

**Даўыт патшаның шежиреси**

13 Солай етип, Боаз Рутты ҳаял-
лыққа алып, оған үйленди. Боаз
Рут пенен қосылды ҳәм Жаратқан
Ийе Руттың қурсағына бала берип,
ол ул туўды.
14 Ҳаяллар Нағыймаға: «Жаратқан
Ийеге алғыслар болсын! Ол бүгин
сени ғамхоршысыз қалдырмады.
Баланың аты Израилда даңқ-атақ-
қа ийе болсын! 15 Ол сениң өми-
риңди жаңартады, қартайғанда
бағыўшың болады. Себеби оны
сени жақсы көретуғын келиниң
туўып берди. Усы келиниң сениң
ушын жети улдан да артығырақ», –
деди.
16 Нағыйма баланы қолына алып,
баўырына басты ҳәм өзи бағып тәр-
биялады. 17 Қоңсы ҳаяллар: «На-
ғыйма уллы болды», – деп, балаға
ат қойып, оны Обид деп атады.
Обид Ишайдың әкеси, Ишай Да-
ўыттың әкеси болды.
18 Перестиң шежиреси мына-
дай: Перестен Хесрон туўылды,
19 Хесроннан Рам туўылды, Рамнан
Амминадаб туўылды, 20 Аммина-
дабтан Нахшон туўылды, Нахшон-
нан Салмон туўылды, 21 Салмоннан
Боаз туўылды, Боаздан Обид ту-
ўылды, 22 Обидтен Ишай туўылды,
Ишайдан Даўыт туўылды.

---

a **4:11** *Эфрата* – бул Бейтлеҳемниң ямаса оның дөгерек әтирапындағы жердиң аты. 1:2 қараң.

# Патшалар туўралы биринши китап

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Бул китапта Израил елиндеги басқарыў дүзиминиң өзгериўи туўралы сөз етиледи. Халықты басқарып турған бийлердиң орнына енди патшалар ҳүкимдарлық етеди. Халықтың кейинги бийи Самуел пайғамбар, Қудай таңлаған Израилдың биринши патшасы Шаул ҳәм нәўбеттеги патша Даўыт китаптың бас қаҳарманлары.

Патшалар туўралы биринши китаптың биринши бөлиминде (1–7 баплар) Самуел пайғамбардың өмири ҳаққында сөз етиледи. Самуел Израилға ҳүжим қылып атырған душпанларға қарсы саўашта Израил ләшкерлерине жәрдем береди. Бирақ Самуел қартайғаннан соң, халық ләшкерлерге патшаның басшылық қылыўын қәлейди ҳәм Самуелден патша сорап, Қудайды иренжитеди. Себеби сол ўақытқа дейин Қудайдың Өзи Израил халқының Патшасы сыпатында бийлер арқалы басқарған еди. Халық Қудайдан патша сорағанда, Қудай Шаулды таңлап алып, оны Израилдың патшасы етип қойды. Бирақ ўақыт өтип, Шаул Қудайға садық болмай қалады.

Китаптың екинши бөлиминде (8–31 баплар) Қудай Самуелге Даўыт атлы жас жигитти нәўбеттеги патша етип тайынлайтуғынын айтады. Даўыт филист ләшкеринен болған дәўдей Голиятты өлтиргеннен соң, тез арада халық қаҳарманына айланады. Даўыттың абырайы артып барады, ал Шаул болса Даўытты көре алмайды. Даўыт Шаулдың күйеў баласы ҳәм Шаулдың туңғыш улы Ионатанның досты болса да, Шаул Даўытты өлтирмекши болып изине түседи. Китаптың қалған бөлиминде Даўыттың Шаулдан қашып қутылғаны ҳәм шөлде өзиниң кишигирим ләшкерине жолбасшы болғаны туўрысында сөз етиледи.

Китап Шаулдың ҳәм оның үш улының филистлерге қарсы саўаш ўақтында өлгени ҳаққындағы аянышлы ўақыялар менен тамамланады. Патша етип тайынланған адамның жеңиси ямаса жеңилиси Қудайға болған бойсыныўшылығына сөзсиз байланыслы екенлиги китапта анық көринип турады.

## Самуелдиң туўылыўы

**1** 1 Эфрайымның таўлы үлкеси-
ниң Рама қаласында Эфрайым
урыўының Суф тийресинен болған
Элқана деген бир адам жасайтуғын
еди. Ол Суфтың қуўлығы, Тохудың
шаўлығы, Элиҳудың ақлығы ҳәм
Ерохамның улы еди. 2 Элқананың
Ханна ҳәм Пенинна атлы еки ҳая-
лы бар еди. Пениннаның балалары
болды, ал Ханна қурсақ көтермеди.
3 Элқана Әлемниң Жаратқан Ийе-
сине сыйынып, Оған қурбанлық бе-
риў ушын ҳәр жылы өз қаласынан
Шилоға баратуғын еди. Ол жерде
Элийдиң еки улы Хофний ҳәм Пине-
хас Жаратқан Ийениң руўханийле-
ри еди. 4 Элқана қурбанлық шалған
күни ҳаялы Пениннаға ҳәм оның
ул-қызларына пайларын бергенде,
5 Ханнаға жақсы жеринен пай бере-
туғын еди. Себеби Қудай Ханнаны
нәсилсиз қылып қойған болса да,
Элқана оны сүйетуғын еди. 6 Бирақ
Пенинна Жаратқан Ийениң пер-
зент бермегенин күндесиниң бетине
басып, оған бәрқулла азап берету-
ғын еди. 7 Бул ҳәр жылы даўам етти.
Ханна Жаратқан Ийениң Үйине ҳәр
келгенде, күндеси оған азап бере-
туғын еди. Ал ол жылап, ҳеш нәрсе
жемейтуғын еди. 8 Сонда күйеўи Эл-
қана оған: «Ханна, неге жылайсаң,
неге аўқат жемейсең? Неге буншама
қайғылысаң? Мен сен ушын он улдан
артық емеспен бе?» – дейтуғын еди.
9 Бир күни олар Шилода ишип-
жеп болғаннан кейин, Ханна орны-
нан турды. Сонда руўханий Элий
Жаратқан Ийениң Ибадатхана-
сының кирер аўзындағы өз орын-
лығында отыр еди. 10 Ханнаның
жүреги қайғыға толып, өксип жы-
лаўы менен Жаратқан Ийеге дуўа
етти. 11 Ол былай деп ўәде берди:
«Әлемниң Жаратқан Ийеси! Егер
Сен қулыңның қайғысына нәзер
салып, мени еске алсаң ҳәм Өз қу-
лыңды умытпай, оған бир ул сый-
ласаң, мен оны өмир бойы Саған
бағышлайман. Оның басына ҳеш
қашан пәки тиймейди».
12 Ханна Жаратқан Ийеге усылай
дуўа етиўин даўам етип турғанда,
Элий оның аўзын гүзетип отырды.
13 Ханна ишинен дуўа еткенлик-
тен, оның тек еринлери жыбырлап
турды, ал даўысы еситилмеди. Сол
себептен Элий оны мәс деп ойлап
қалды. 14 Элий оған:
– Мәскүнемликти қашанға ше-
кем даўам етесең? Ишкенди тоқ-
тат, – деди.
15 Сонда Ханна Элийге:
– Яқ, мырзам, олай емес. Мен бир
қайғыға батқан ҳаялман. Мен ша-
рап та, өткир ишимлик те ишкен
жоқпан. Тек жүрегимдеги қайғым-
ды Жаратқан Ийеге төгип атыр-
ман. 16 Қулыңызды уятсыз ҳаял
деп ойламаңыз. Қайғы-ҳәсиретим
күшли болғанлықтан, усы ўақытқа
дейин жалбарынып турман, – деп
жуўап берди.
17 Сонда Элий оған:
– Аман-есен қайта бер. Израил-
дың Қудайы тилегиңди орынла-
сын, – деди.
18 Ханна оған:
– Маған кеўлиңиз толсын, – де-
ди де, өз жолына түсти. Соңы-
нан ол аўқатланды, оның жүзи де
бурынғыдай қайғылы болмады.
19 Олар ертеңине азанда ерте турып,
Жаратқан Ийеге сыйынғаннан соң,

Рамадағы өз үйине қайтып келди.
Элқана ҳаялы Ханна менен жақын-
ласты ҳәм Жаратқан Ийе Ханнаны
есине алды. 20 Ханна ҳәмиледар
болып, ўақты келгенде ул туўды.
Ханна: «Мен оны Жаратқан Ийе-
ден тилеп алғанман», – деп оған
Самуел[a] деп ат қойды.

### Ханнаның Самуелди Қудайға бағышлаўы

21 Элқана Жаратқан Ийеге жыл-
лық қурбанлығын ҳәм ўәде етип
атаған қурбанлығын бериў ушын
пүткил хожалығы менен бирге Ши-
лоға кетти. 22 Бирақ Ханна олар ме-
нен бирге кетпеди. Ол күйеўине:

– Бала емшектен шыққаннан ке-
йин, оны Жаратқан Ийеге хызмет
етиўге алып бараман. Ол Жаратқан
Ийениң алдында болып, мәңгиге
сол жерде қалады, – деди.

23 Күйеўи Элқана оған:

– Нени мақул тапсаң, соны исле.
Баланы емшектен шығарғаныңша,
усы жерде бол. Жаратқан Ийе са-
ған ўәдеңде турыўға жәрдем бер-
син, – деди.

Солай етип, Ханна улын емшектен
шығарғанға шекем үйде болып, оны
емизди. 24 Бала емшектен шыққан-
нан соң, Ханна баланы, үш жасар
буғаны, бир эфа[b] унды ҳәм бир мес
шарапты алып, Жаратқан Ийениң
Шилодағы Үйине барды. Бала еле
жас еди. 25 Олар буғаны шалғаннан
кейин, баланы Элийге апарды. 26 Со-
ңынан Ханна Элийге былай деди:

– О, мырзам! Алдыңызда ант ишип
айтаман: мен усы жерде, сизиң
жаныңызда турып, Жаратқан Ийеге
дуўа еткен ҳаялман. 27 Мен Жаратқан
Ийеден мына баланы сорап, дуўа
еткен едим. Ол мениң тилегимди
орынлады. 28 Мен де оны Жаратқан
Ийеге бағышлайман. Ол бир өмир
Жаратқан Ийеге хызмет етеди.

Соңынан олар сол жерде Жаратқан
Ийеге сыйынды.

### Ханнаның дуўасы

**2** 1 Ханна былай деп дуўа етти:

«Жүрегим Жаратқан Ийеде
йошланар,
Оның Өзи маған күш берди.
Душпанларым алдында тилим
узайып,
Оның қутқарғанына қуўанаман.
2 Ҳеш ким жоқ Жаратқан Ийедей
мухаддес,
Аўа, Сен сыяқлы ҳеш ким жоқ,
Жаратқан Ийе!
Қорғаўшы жартас та жоқ
Қудайымыз сыяқлы!
3 Буннан былай менменсип
сөйлегенди тоқтатың,
Аўзыңыздан тәкаббир сөзлер
шықпасын.
Себеби Жаратқан Ийе
ҳәммесин билиўши Қудай-ғо,
Ҳәр бир исти тәрезиге тартыўшы
да Ол.
4 Күшлилердиң оқ жайлары сынар,
Күшсизлер күшке толар.
5 Тоқлар нан ушын жалланып,
Ашлар тояр,
Нәсилсизлер жетеўин туўып,
Көп балалы ҳаяллар
бийперзент қалар.

---

[a] **1:20** *Самуел* – «Қудай еситти» деген мәнисти билдириўи мүмкин.
[b] **1:24** *Бир эфа* – шама менен 22 л.

6 Жаратқан Ийе өлтиреди де,
тирилтеди де,
Өлилер мәканына түсиреди де,
шығарып алады да.
7 Ол кимисин жарлы қылып,
кимисин байытар,
Кимисин қулатып, кимисин
жоқарылатар.
8 Жарлыны топырақтан көтерип
алып,
Бийшараны тасланды
арасынан алып шығар.
Отырғызып ақсүйеклер менен,
Ҳүрмет тахтын берер.
Өйткени жердиң тийкары
Жаратқан Ийениң
қолында,
Сол тийкар үстине Ол дүньяны
орнатқан.
9 Жаратқан Ийе садық
қулларының адымларын
қорғар,
Ал жаманлар қараңғылықта
жоқ болар,
Себеби өз күши менен жеңиске
ериспес инсан.
10 Жаратқан Ийеге қарсы
турғанлар шыл-пәрше
болар,
Жаратқан Ийе оларға қарсы
көклерди гүркиретер,
Пүткил дүньяны Ол ҳүким
қылар,
Өз патшасын күшке толтырып,
Майлаған адамын даңққа
еристирер».

11 Соңынан Элқана Рамаға, үйи-
не қайтып кетти. Ал кишкене Са-
муел болса, руўханий Элийдиң
қолында Жаратқан Ийеге хызмет
ете баслады.

### Элийдиң улларының жаман ислери

12-13 Элийдиң уллары жарамас
адамлар еди. Олар Жаратқан Ийе-
ни менсинбеди ҳәм халық алдын-
дағы руўханийлик ўазыйпасына
ҳүрметсизлик етти. Биреў қурбан-
лық шалып, гөш қайнатып атырған-
да, руўханийлердиң хызметшиси
қолына үш тисли шанышқыны алып
келетуғын еди.
14 Ол шанышқыны
шүлен қазанға, қазанға, табаға яма-
са табаққа тығып, оған илингенниң
ҳәммесин руўханий ушын алату-
ғын еди. Олар Шилоға келген из-
раиллылардың ҳәммесине усылай
ислейтуғын еди.
15 Ҳәтте, қурбан-
лықтың майлары түтетип жанды-
рыў ушын ажыратып алынбастан
бурын руўханийдиң хызметшиси
келип, қурбанлық шалған адамға:
«Руўханийге қуўырыў ушын шийки
гөш бер. Ол сеннен писken гөш емес,
ал шийки гөш алады», – дейтуғын
еди.
16 Егер қурбанлық шалған адам:
«Дәслеп майды түтетип жандыра-
йық, соңынан қәлегениңди алар-
саң», – десе, хызметши оған: «Яқ,
ҳәзир бересең, болмаса тартып ала-
ман», – дейтуғын еди.
17 Жаратқан
Ийениң нәзеринде жигитлердиң ис-
леген гүнасы жүдә аўыр еди. Өйтке-
ни олар Жаратқан Ийеге арналған
қурбанлықларға ҳүрметсизлик етти.
18 Сол арада жас Самуел зығыр
эфод[a] кийип, Жаратқан Ийениң ал-
дында хызмет етип жүрди.
19 Анасы

---

a **2:18** *Эфод* – әдетте руўханийлердиң кийген кийими. 28-аяттағы эфод қым-бат баҳа таўардан тигилген ҳәм буны тек ғана бас руўханий кийген.

ҳәр жылы күйеўи менен бирге жыл-
лық қурбанлық бериў ушын кел-
генде, тиккен кишкене шапанын
улына әкелип беретуғын еди. 20 Сон-
да Элий Элқанаға ҳәм оның ҳаялы-
на пәтиясын берип: «Тилеп алып,
Жаратқан Ийеге арнаған балаңның
орнына Жаратқан Ийе саған бул
ҳаялдан басқа балалар берсин», –
дейтуғын еди. Соңынан олар үйи-
не қайтатуғын еди. 21 Жаратқан Ийе
Ханнаға нәзерин түсирди. Ол ҳә-
миледар болып, және үш ул, еки
қыз туўды. Ал кишкене Самуел
Жаратқан Ийе алдында өсип барды.

22 Элий жүдә қартайып қалған
еди. Ол улларының израиллыларға
ислеген барлық ислери ҳәм Ушыра-
сыў шатырының алдында хызмет
ислейтуғын ҳаяллар менен жатқа-
ны ҳаққында еситти. 23 Сонда Элий
улларына былай деди:

– Не ушын бундай ислерди ис-
леп атырсызлар? Мен сизлер исле-
ген жаўызлықлар ҳаққында ҳәмме
адамлардан еситтим. 24 Бул жақсы
емес, балаларым! Жаратқан Ийе-
ниң халқы арасында тарап кет-
кен бул хабар – жақсы хабар емес.
25 Егер адам адамға қарсы гүна ис-
лесе, Қудай айыпкер ушын тәўел-
леши болады. Бирақ Жаратқан
Ийеге қарсы гүна ислеген адам
ушын ким тәўеллеши болады?

Деген менен, олар әкесиниң сөз-
лерине қулақ аспады. Өйткени
Жаратқан Ийе оларды өлтириўди
шешип қойған еди.

### Элийдиң уллары ҳаққында пайғамбаршылық

26 Сол арада өспирим Саму-
ел өсип, Жаратқан Ийениң де,
халықтың да кеўлине унап барды.
27 Бир күни Қудайдың бир адамы
Элийге келип, былай деди:

– Жаратқан Ийе былай дей-
ди: «Бабаң ҳәм оның урпақлары
Мысырда фараонның халқына
қул болған ўақытта, Мен олар-
ға Өзимди ашып көрсетпеген бе
едим? 28 Қурбанлық орынға барыў
ҳәм хош ийисли затларды түтетип,
эфод кийип жүриў ушын пүткил
Израил урыўлары арасынан тек се-
ниң бабаңды ғана Өзиме рууханий
етип таңламадым ба? Және де, из-
раиллылардың пүткил сыйларын
да сениң ата-бабаларыңның урпақ-
ларына бермедим бе? 29 Солай екен,
Мениң мәканым ушын әкелиўди
буйырған қурбанлық ҳәм садақа-
ларға неге ҳүрметсизлик етесиз-
лер? Не ушын халқым Израилдың
берген барлық қурбанлықларының
ең жақсы жерлерин өзлериңиз жеп
семирип, неге улларыңды Меннен
артық көресең?» 30 Сонлықтан Из-
раилдың Қудайы Жаратқан Ийе
былай дейди: «Сениң хожалығың
ҳәм сениң бабаңның урпақлары
Маған мәңгиге хызмет етеди, – де-
ген едим». Бирақ енди Жаратқан
Ийе былай дейди: «Енди булай ис-
леўден аўлақпан. Себеби Мени ҳүр-
метлегенди Мен де ҳүрметлеймен,
ал Мени ҳүрмет етпегенлер мас-
қара болады. 31 Мине, сениң ҳәм
бабаңның урпағының күшин қур-
татуғын күнлерим киятыр. Солай
етип, туқымыңда ҳеш ким узақ
өмир сүрмейди. 32 Мениң Израил-
ға ислейтуғын жақсылығыма қа-
рамастан, сен Мениң мәканымда
қыйыншылық көресең. Ендиги-
ден былай, туқымыңда ҳеш ким

узақ өмир сүрмейди. 33 Көзлериңди
соқыр қылып, жүрегиңди қайғыға
толтырыўы ушын, Мениң қурбан-
лық орнымда сениң тұқымыңнан
тек бир адамды қалдыраман. Би-
рақ басқа урпақларыңның ҳәмме-
си жаслай дүньядан өтеди. 34 Еки
улың Хофний менен Пинехастың
бир күнде өлиўи сениң ушын бир
нышан болады. 35 Мен Өзиме қә-
леўлеримди ҳәм мақсетлеримди
орынлайтуғын садық бир руўха-
ний қояжақпан. Ол Мениң майла-
ған патшамның алдында бәрқулла
хызмет етиўи ушын, оның урпа-
ғын мәңгиге усы хызметке қояман.
36 Сонда сениң урыўыңнан аман
қалған ҳәр бир адам бир бөлек гү-
мис ямаса бир тислем нан ушын бас
ийип келип, нан таўып жеўи ушын,
өзин қандай да бир диний хызмет-
ке қойыўды сорайды».

## Қудайдың Самуелди шақырыўы

**3** 1 Өспирим Самуел Элийдиң
қолы астында Жаратқан Ийе-
ге хызмет ететуғын еди. Ол күнле-
ри Жаратқан Ийениң сөзи сийрек,
аянлары да аз болды. 2 Бир күни
түнде Элий орнында жатырған еди.
Оның көзлери жүдә әззилеп қалған
болып, зорға көретуғын еди. 3 Ал
Самуел болса, Қудайдың сандығы
турған Жаратқан Ийениң Ибадат-
ханасында жатырған еди. Қудайдың
шырасы еле сөнбеген еди. 4 Сонда
Жаратқан Ийе Самуелди шақырды.
Самуел Оған:
– Ләббәй, – деп жуўап берди.
5 Соңынан Элийге жуўырып барып:
– Шақырдыңыз ба? Мен келдим, –
деди.
Бирақ Элий:
– Мен сени шақырмадым. Барып,
орныңа жат, – деди. Самуел ба-
рып, орнына жатты. 6 Жаратқан
Ийе және:
– Самуел! – деп шақырды. Самуел
орнынан турды да, Элийге барып:
– Мени шақырдыңыз ба? Мен кел-
дим, – деди.
Элий оған:
– Шақырмадым, балам. Барып,
орныңа жат, – деди.
7 Самуел Жаратқан Ийениң да-
ўысын танымайтуғын еди. Себе-
би Жаратқан Ийениң сөзи оған еле
аян болмаған еди.
8 Жаратқан Ийе Самуелди үшин-
ши мәрте шақырды. Самуел орны-
нан турды да, Элийге барып:
– Мени шақырдыңыз ба? Мен кел-
дим, – деди.
Сонда Элий баланы Жаратқан
Ийениң шақырғанын түсинди. 9 Ол
Самуелге:
– Барып, орныңа жат. Егер Ол се-
ни және шақырса: «Жаратқан Ийе!
Айта бер, қулың тыңлап тур», – деп
айт, – деди.
Самуел барып, орнына жатты.
10 Жаратқан Ийе келип, сол жерде
турды ҳәм бурынғыдай етип:
– Самуел, Самуел! – деп шақырды.
Самуел Оған:
– Айта бер, қулың тыңлап тур, –
деп жуўап берди.
11 Сонда Жаратқан Ийе Самуел-
ге былай деди:
– Мен Израилда еситкен ҳәр бир
адамның ҳүрейин ушыратуғын бир
нәрсе ислейжақпан. 12 Сол күни
Элийдиң хожалығына қарсы айт-
қанларымның ҳәммесин басынан
аяғына шекем жүзеге асыраман.

13 Элийге өзи билетуғын гүна се-
бепли хожалығын мәңгиге жаза-
лайтуғынымды хабарлаған едим.
Онның уллары Қудайға тил тийгиз-
се де, ол улларына тыйым салма-
ды. 14 Сонлықтан Мен: «Элийдиң
хожалығының айыбы ҳеш қашан
ҳеш қандай қурбанлық пенен өтел-
мейди», – деп онның хожалығы ҳақ-
қында ант иштим.
15 Самуел азанға шекем жатты,
соңынан Жаратқан Ийениң Үйиниң
қапыларын ашты. Ол көрген аянын
Элийге айтыўға қорқты. 16 Бирақ
Элий оны:
– Балам, Самуел! – деп шақырды.
Самуел оған:
– Ләббәй, – деп жуўап берди.
17 Элий Самуелге:
– Жаратқан Ийе саған нелерди
айтты? Меннен ҳеш нәрсени жа-
сырма. Егер Онның саған айтқан-
ларынан бирин жасырып қалсаң,
Ол сени жазалаған үстине жаза-
ласын, – деди.
18 Самуел ҳеш нәрсени жасырмас-
тан, оған ҳәммесин айтып берди.
Сонда Элий:
– Ол Жаратқан Ийе-ғо. Нени ма-
қул көрсе, соны ислесин, – деди.

### Самуелдиң пайғамбарлық хызметиниң басланыўы

19 Самуел өсип барды. Жаратқан
Ийе онның менен бирге еди.
Жаратқан Ийениң оған айтқан сөз-
лериниң биреўи де орынланбай
қалмады. 20 Даннан Беер-Шеба-
ға шекемги пүткил Израил хал-
қы Самуелдиң Жаратқан Ийениң
пайғамбары болып белгиленгенин
билди. 21 Жаратқан Ийе Шилода
көриниўин даўам етти. Сол жерде
Ол Өз сөзи арқалы Самуелге Өзин
таныттқан еди.

4 1 Самуелдиң сөзи пүткил Изра-
илға жайылды.

### Келисим сандығының душпан қолына түсиўи

Сол күнлери израиллылар фи-
листлер менен урысыў ушын жолға
шықты. Израиллылар Эбен-Эзер-
ге, филистлер Афекке ордаларын
қурды. 2 Филистлер израиллылар-
ға қарсы саўаш майданына түсти.
Саўаш ҳәўиж алғанда, филистлер
израиллыларды жеңилиске ушы-
ратты. Саўашта израиллылардың
төрт мыңға шамалас адамы қаза
тапты. 3 Әскерлер ордаға қайтып
келгенде, Израил ақсақаллары: «Не
ушын бүгин Жаратқан Ийе бизлер-
диң филистлерден жеңилиўимиз-
ге жол қойды? Жаратқан Ийениң
Келисим сандығын Шилодан усы
жерге алып келейик. Ол арамызда
болып, бизлерди душпанларымыз-
дың қолынан қутқарсын», – деди.
4 Солай етип, халық Шилоға
адамларды жиберди. Олар барып,
керублар[a] арасында тахтта отыр-
ған Әлемниң Жаратқан Ийесиниң
Келисим сандығын алып келди.
Элийдиң еки улы Хофний менен
Пинехас та Қудайдың Келисим сан-
дығының жанында еди. 5 Жаратқан
Ийениң Келисим сандығы ордаға
әкелингенде, пүткил израиллылар-
дың қатты бақырысқан даўыслары-
нан жер ләрзеге келди. 6 Филистлер

---

[a] **4:4** *Керуб* – қанатлы руўхый барлық.

бақырысларды еситип: «Еврейлер
ордасында неге буншелли бақырыс
болып атыр екен?» – дести. Олар
Жаратқан Ийениң сандығының ор-
даға әкелингенин билгенде, 7 қор-
қып кетип былай деди: «Олардың
қудайлары ордаға келипти. Қурып
қалдық! Бурын ҳеш қашан бундай
нәрсе болып көрмеген еди. 8 Қурып
қалдық! Бул күшли қудайлардың
қолынан бизлерди ким қутқарады?
Олар шөлде мысырлыларды түрли
бәлелерге ушыратқан қудайлар-
ға. 9 Беккем болыңлар, филистлер!
Мәрт болыңлар! Болмаса, еврейлер-
диң сизлерге қул болғаны сыяқлы,
сизлер де оларға қул боласызлар.
Мәрт болып, саўашқа түсиңлер».
10 Солай етип, филистлер саўаш-
қа түсип, израиллыларды жеңди.
Израиллылардың ҳәр бири өз ша-
тырына қарай қашты. Қырғынға
ушырағаны соншелли, израил-
лылар отыз мың пияда әскеринен
айырылды. 11 Қудайдың сандығы
қолға түсти, ал Элийдиң еки улы
Хофний ҳәм Пинехас қаза тапты.

### Элийдиң өлими

12 Бенямин урыўынан бир адам
саўаш майданынан қашып шығып,
сол күнниң өзинде Шилоға жетип
келди. Ол қайғыдан кийимлерин
жыртып, басына топырақ шашқан
еди. 13 Сол адам жетип келгенде,
Қудайдың сандығын ойлап, жү-
реги езилген Элий жол шетиндеги
отырғышта жолға қарап отырған
еди. Адам қалаға кирип, болған
ўақыяны айтып бергенде, қала-
дағылардың ҳәммеси дад салып
бақырысты. 14 Элий дад салып ба-
қырысқанды еситип:
– Неге шаўқым көтерилип атыр? –
деп сорады.
Хабаршы болған ўақыяны айтып
бериў ушын дәрриў Элийдиң жа-
нына келди. 15 Сонда Элий тоқсан
сегиз жаста болып, көзлери әззи-
леп, көрмей қалған еди. 16 Хабар-
шы Элийге:
– Мен саўаш майданынан киятыр-
ман. Ҳәзир ғана сол жерден қашып
шықтым, – деди.
Элий оннан:
– Балам, не болды? – деп сорады.
17 Хабаршы Элийге:
– Израиллылар филистлердиң ал-
дына түсип қашты. Әскерлер үлкен
қырғынға ушырады. Еки улыңыз
Хофний менен Пинехас қаза тап-
ты, ал Қудайдың сандығы қолға
түсти, – деди.
18 Хабаршы Қудайдың сандығы
туўралы айтқанда, Элий отырғыш-
тан шалқасына түсип, қала дәрўа-
засының қасына қулады. Ол жүдә
ғарры ҳәм семиз болғанлықтан
жулыны үзилип, жан тапсырды.
Элий Израилға қырық жыл бий-
лик еткен еди.
19 Сол ўақытта Элийдиң келини,
Пинехастың ҳаялы жүкли болып,
туўатуғын ўақты шамаласқан еди.
Ҳаял Қудайдың сандығының қол-
ға түскени, қәйин атасы ҳәм күйе-
ўиниң өлгени ҳаққында еситкенде,
бирден толғағы тутты да, дизерлеп
отырып босанды. 20 Жәрдем бер-
ген ҳаяллар оған өлими алдынан:
– Қорқпа, уллы болдың, – деди.
Бирақ ол жуўап та бермеди, дық-
қат та аўдармады. 21 Қудайдың сан-
дығының қолға түсип, қәйин атасы
ҳәм күйеўиниң өлгенлиги себепли
ҳаял: «Уллылық Израилды тәрк

етти», – деп улына Ихабод[a] деп ат
қойды. 22 Ол:
– Уллылық Израилды тәрк етти.
Себеби Қудайдың сандығы қолға
түсти, – деди.

### Келисим сандығы филистлер қолында

**5** 1 Филистлер Қудайдың санды-
ғын қолға киргизгеннен соң,
оны Эбен-Эзердеги саўаш майда-
нынан Ашдодқа алып келди. 2 Олар
Қудайдың сандығын Дагонның бут-
ханасына апарып, оны Дагонның
мүсининиң жанына қойды. 3 Ерте-
ңине азанда ерте турған ашдодлы-
лар Дагонның Жаратқан Ийениң
сандығының алдында ет бетинен
жығылып жатырғанын көрди. Олар
Дагонды алды да, оны өз орнына
қойды. 4 Бирақ олар ертеңине азанда
турғанда, Дагонның және Жаратқан
Ийениң сандығының алдында ет бе-
тинен жығылып жатырғанын көрди.
Бул ретте оның басы ҳәм еки қолы
жулынып, босағада жатырған еди.
Оның тек геўдеси ғана пүтин қалған
еди. 5 Сонлықтан Дагонның руўха-
нийлери де, Ашдодтағы Дагонның
бутханасына келгенлердиң ҳәммеси
де усы күнге шекем ол жатқан боса-
ғаны баспайды.
6 Жаратқан Ийе ашдодлылар-
ды ҳәм дөгерегиндеги халықты
аўыр жазалады. Оларды шыйқан
менен жазалап, қыйыншылыққа
дуўшар етти. 7 Болып атырған ўа-
қыяларды көрген Ашдод халқы:
«Израилдың Қудайының сандығы
бизлерде қалмасын, себеби Ол биз-
лерди де, қудайымыз Дагонды да
аўыр жазалап атыр», – деди. 8 Сон-
лықтан олар адам жиберип, пүткил
филист ҳүкимдарларын шақыртты
ҳәм олардан:
– Израилдың Қудайының сан-
дығын не қылайық? – деп сорады.
Олар:
– Сандық Гатқа апарылсын, – деди.
Солай етип, олар Израилдың
Қудайының сандығын Гатқа апарды.
9 Бирақ сандық Гатқа апарылған-
нан соң, Жаратқан Ийе сол қаланы
да жазалады. Қаланы күшли қор-
қыныш бийлеп алды. Жаратқан
Ийе пүткил қала халқын, кишке-
несинен үлкенине шекем жазалады.
Оларға да шыйқанлар шыға басла-
ды. 10 Сол себепли олар Қудайдың
сандығын Экронға жиберди.
Сандық қалаға кирер-кирмес-
тен, экронлылар: «Бизлерди ҳәм
халқымызды жоқ қылыў ушын,
Израилдың Қудайының санды-
ғын бизлерге алып келдиңлер!» –
деп бақырысты. 11 Олар пүткил
филист ҳүкимдарларын топлап:
«Израилдың Қудайының санды-
ғын бул жерден алып кетиңлер.
Бизлерди де, халқымызды да жоқ
қылмаўы ушын, ол өз жерине қай-
тарылсын», – деди. Себеби пүткил
қаланы өлим қорқынышы бийлеп
алған еди. Қудайдың оларға берген
жазасы жүдә аўыр еди. 12 Тири қал-
ғанларға шыйқанлар шықты. Қа-
ла халқының дады аспанға жетти.

### Келисим сандығының Израилға қайтарылыўы

**6** 1 Жаратқан Ийениң сандығы
филистлер елинде жети ай бол-

---

a **4:21** *Ихабод* – «уллылық жоқ» дегенди билдиреди.

ғаннан соң, 2 филистлер руўханий-
лерди ҳәм палкерлерди шақыртып,
оларға:
– Жаратқан Ийениң сандығын не
қылсақ екен? Оны өз орнына қалай
қайтарыўымыз кереклигин биз-
лерге айтыңлар, – деди.
3 Олар:
– Егер сизлер Израилдың Қудайы-
ның сандығын изге қайтармақшы
болсаңыз, оны бос жибермей, оған
қоса айыбыңызды жуўыў ушын
сый берип жибериңлер. Сонда шы-
па табасызлар ҳәм Оның сизлерди
не ушын жазалап атырғанын би-
лип аласызлар, – деди.
4 Сонда филистлер:
– Айыбымызды жуўыў ушын
Оған қандай сый жиберейик? –
деп сорады.
Руўханийлер ҳәм палкерлер бы-
лай деп жуўап берди:
– Сизлер жиберетуғын сыйлар
филист ҳүкимдарларының са-
нына қарай бес шыйқанның ҳәм
бес тышқанның алтын мүсинле-
ринен ибарат. Өйткени сизлер де,
ҳүкимдарларыңыз да бирдей жа-
заға тартылғансыз. 5 Буның ушын
шыйқанлардың ҳәм жериңизди
ўайран еткен тышқанлардың мү-
синлерин ислең ҳәм Израилдың
Қудайын уллылаң. Мүмкин, сон-
да Ол сизлерди, қудайларыңызды
ҳәм жериңизди жазалаўды тоқта-
тар. 6 Не ушын мысырлылар ҳәм
фараон сыяқлы қайсарлық қыла-
сызлар? Қудай мысырлылардың
жанына тийгенде, олар Израил
халқын босатып жибермеди ме?
7 Енди жаңа бир арба ислетиң-
лер де, биринши рет төллеген ҳәм
ҳеш қашан арбаға жегилмеген еки
қашарды алып, оларды арбаға же-
гиңлер. Қашарлардың бузаўларын
айырып алып, қораға апарыңлар.
8 Жаратқан Ийениң сандығын ар-
баның үстине қойыңлар. Айыбы-
ңызды жуўыў ушын Оған жиберип
атырған алтын затларыңызды қу-
тыға салып, сандықтың жанына
жайластырыңлар. Соңынан арба-
ны айдап жибериңлер, кете берсин.
9 Бирақ изинен гүзетип барыңлар.
Егер арба өз елине, Бейт-Шемеш-
ке қарай бетлесе, онда бул уллы
апатшылықты бизлерге Жаратқан
Ийениң Өзи жиберген болады. Егер
арба басқа тәрепке жол алса, онда
бул апатшылықтың Оннан жибе-
рилмегенин, ал оған тосаттан дуў-
шар болғанымызды билип аламыз.
10 Адамлар айтылғандай иследи.
Олар биринши рет төллеген еки қа-
шарды арбаға жекти, ал бузаўларын
қораға қамап таслады. 11 Жаратқан
Ийениң сандығы менен бирге иши-
не шыйқанлардың ҳәм тышқанлар-
дың алтын мүсинлери салынған
қутыны арбаға салды. 12 Сонда қа-
шарлар туўры Бейт-Шемешке қа-
рай жол алды. Олар оңға да, солға
да бурылмастан, мөңиреўи менен
алға илгериледи. Ал филист ҳү-
кимдарлары болса, Бейт-Шемеш-
тиң шегарасына дейин оларға ерип
келди.
13 Сол ўақытта Бейт-Шемеш хал-
қы ойпатлықта бийдай орып атыр-
ған еди. Олар басларын көтерип
қарап, сандықты көргенде, қуўа-
нып кетти. 14-15 Арба бейт-шемеш-
ли Ешуаның атызына кирип, сол
жердеги үлкен бир тастың жанын-
да тоқтады. Лебийлилер Жаратқан
Ийениң сандығын ҳәм алтын

затлар салынған қутыны арбадан
түсирип, үлкен тастың үстине қой-
ды. Бейт-шемешлилер арбаның
ағашларын отын етип жарды да,
қашарларды Жаратқан Ийеге ар-
нап жандырылатуғын қурбанлық
етип берди. Сол күни бейт-шемеш-
лилер Жаратқан Ийеге арнап жан-
дырылатуғын қурбанлықлар берип,
басқа қурбанлықлар да шалды.
16 Филистлердиң бес ҳүкимдары
болып өткенлерди көргеннен соң,
сол күни Экронға қайтып кетти.
17 Филистлер айыбын жууыу
ушын сый ретинде Ашдод, Газа,
Ашкелон, Гат ҳәм Экрон қалалары
ушын Жаратқан Ийеге бир-бирден
шыйқанлардың алтын мүсинле-
рин жиберген еди. 18 Ал алтын-
нан исленген тышқан мүсинлери
болса, бес филист ҳүкимдарла-
рына қараслы болған қорған қа-
лалар менен қоса дөгерегиндеги
аўыллардың санына туўры келе-
туғын еди. Үстине Жаратқан Ийе-
ниң сандығы қойылған сол үлкен
тас бүгинге дейин бейт-шемеш-
ли Ешуаның атызында гүўалық
болып тур. 19 Бейт-шемешлилер-
ден базылары Жаратқан Ийениң
сандығының ишине үңилген еди.
Соның ушын Жаратқан Ийе олар-
ды жазалап, жетпис* адамды жоқ
қылды. Халық Жаратқан Ийениң
өзлерине берген бул аўыр жазасы
себепли аза тутты. 20 Бейт-Шемеш
халқы: «Бул мухаддес Қудайдың,
Жаратқан Ийениң алдында ким
тура алады? Сандық бизлерден
кимге апарылыўы тийис?» – деп
сорады. 21 Олар Кирят-Яримде жа-
саўшыларға хабаршылар жиберип:
«Филистлер Жаратқан Ийениң
сандығын қайтарып жиберипти,
келип, оны алып кетиңлер», – деди.

# 7

1 Солай етип, Кирят-Яримниң
халқы келип, Жаратқан Ийениң
сандығын алды да, оны төбешиктеги
Абинадабтың үйине апарды. Оның
улы Элазарды Жаратқан Ийениң
сандығына қараў ушын тайынлады.

## Самуелдиң Израилға бийлик етиўи

2 Сандық узақ ўақыт, жигирма
жыл даўамында Кирят-Яримде
қалды. Сол ўақыт ишинде пүт-
кил Израил халқы қайғыға батып,
Жаратқан Ийеге интизар болды.
3 Самуел пүткил Израил халқы-
на былай деди:
– Егер Жаратқан Ийеге шын жү-
ректен жүз бурмақшы болсаңыз,
онда өзлериңиздеги басқа қудай-
лардың ҳәм Аштартаның мүсинле-
рин жоқ қылыңлар. Өзлериңизди
Жаратқан Ийеге бағышлап, тек
Оған хызмет етиңлер. Сонда Ол
сизлерди филистлердиң қолынан
қутқарады.
4 Солай етип, израиллылар Баал-
дың ҳәм Аштартаның мүсинлерин
жоқ қылып, жалғыз Жаратқан Ийе-
ге хызмет ете баслады.
5 Сонда Самуел:
– Пүткил израиллыларды Мис-
паға жыйнаңлар, мен сизлер ушын
Жаратқан Ийеге жалбарынаман, –
деди. 6 Миспаға жыйналған изра-
иллылар қудықтан суў алып, оны
Жаратқан Ийеге арнап төкти. Олар
сол күни ораза тутып: «Жаратқан
Ийеге қарсы гүна иследик», – деди.
Самуел Миспада Израил халқына
бийлик етти.

7 Филистлер Израил халқының
Миспаға топланғанын еситкен-
де, филист ҳүкимдарлары израил-
лыларға қарсы ҳүжимге атланды.
Израиллылар буны еситкенде, фи-
листлерден қорқты. 8 Олар Саму-
елге:
– Бизлерди филистлердиң қолы-
нан қутқарыўы ушын Қудайымыз
Жаратқан Ийеге тынбай жалба-
рын, – деди.
9 Сонда Самуел еле сүттен шық-
паған бир қозыны алып, оны
Жаратқан Ийеге арнап толығы
менен жандырылатуғын қурбан-
лық етип берди. Самуел Израил
халқы ушын Жаратқан Ийеге жал-
барынды. Жаратқан Ийе де оған
жуўап берди.
10 Самуел қурбанлықты жанды-
рып атырғанда, филистлер изра-
иллыларға ҳүжим қылыў ушын
жақынласып қалған еди. Бирақ сол
ўақытта Жаратқан Ийе күшли да-
ўыс пенен гүркиреп, филистлерди
қатты албыратты ҳәм олар изра-
иллылардың алдында күл-талқан
болды. 11 Миспадан шыққан изра-
иллылар филистлердиң изинен қу-
ўып, оларды Бейт-Кардың төменги
жағына шекем өлтирип барды.
12 Самуел бир тас алып, оны Мис-
па менен Шенниң арасына орнат-
ты. Ол: «Жаратқан Ийе бизлерге
усы жерге дейин жәрдем берди», –
деп тасқа Эбен-Эзер[a] деп ат қойды.
13 Солай етип, жеңилиске ушы-
раған филистлер қайтып Израил
жерине ҳүжим жасамайтуғын бол-
ды. Самуелдиң көзиниң тирисинде
Жаратқан Ийе филистлерге қарсы
турды. 14 Экроннан Гатқа шекем-
ги филистлердиң басып алған қа-
лалары израиллыларға қайтарып
берилди. Израиллылар олардың
әтирапындағы жерлерди де фи-
листлердиң қолынан қутқарды.
Израил ҳәм амор халқы арасында
парахатшылық орнады.
15 Самуел пүткил өмири бойы
Израилға бийлик етти. 16 Ол ҳәр
жылы Бейт-Элди, Гилгалды ҳәм
Миспаны айланып шығатуғын, бул
қалаларда турып, пүткил Израилға
бийлик ететуғын еди. 17 Соңынан
Рамадағы өз үйине қайтып кете-
туғын ҳәм сол жерден Израилға
бийлик ететуғын еди. Ол сол жер-
де Жаратқан Ийеге арнап қурбан-
лық орын қурды.

### Израил халқының патша талап етиўи

**8** 1 Самуел қартайған шағында,
өзиниң улларын Израилға бий-
лер етип қойды. 2 Туңғыш улының
аты Иоел, екиншисиниң аты Абия
болып, олар Беер-Шебада бийлик
етти. 3 Бирақ уллары әкесиниң жо-
лынан жүрмеди. Олар ҳарам пайдаға
берилип, пара алатуғын ҳәм әдил-
ликти бурмалайтуғын еди.
4 Сонлықтан пүткил Израил ақ-
сақаллары жыйналып, Рамадағы
Самуелдиң алдына барды. 5 Олар
Самуелге:
– Мине, сен де қартайдың. Улла-
рың да сениң жолыңнан жүрмей
атыр. Соның ушын басқа халық-
ларда болғаны сыяқлы, бизлерге
бийлик ететуғын бир патша қойып
бер, – деди.

---

a **7:12** *Эбен-Эзер* – «жәрдем тасы» дегенди билдиреди.

6 Олардың: «Бизлерге бийлик
ететуғын бир патша қойып бер», –
деген сөзлери Самуелге унамады.
Сол себепли ол Жаратқан Ийеге
дуўа етти. 7 Сонда Жаратқан Ийе
Самуелге былай деп жуўап берди:
– Халықтың саған айтып атырған
сөзлериниң ҳәммесин тыңла. Себе-
би олар сеннен емес, ал өзлериниң
патшасы болған Меннен ўаз кешти.
8 Оларды Мысырдан алып шыққан
күнимнен баслап, усы күнге шекем
Маған не қылған болса, саған да
соны ислеп атыр. Олар Мени тас-
лап, басқа қудайларға хызмет ет-
кен еди. 9 Енди оларға қулақ сал.
Бирақ оларға өзлериниң үстинен
патшалық ететуғын патшаның ҳу-
қықлары туўралы билдирип, қа-
таң ескерт.
10 Самуел өзинен патша талап
еткен халыққа Жаратқан Ийениң
барлық сөзлерин жеткерип, 11 олар-
ға былай деди:
– Сизлердиң үстиңизден ҳүким-
дарлық ететуғын патшаның ҳу-
қықлары мынадай: ол сизлердиң
улларыңызды алып, өзиниң саўаш
арбалары ҳәм атлары ушын хызмет
еттирип қояды. Және де, олар оның
арбасының алдында жуўырып жү-
ретуғын болады. 12 Ол базыларын
мыңбасылар ҳәм елиўбасылар етип
қояды. Базыларға жерин сүрдирип,
егинин жыйнатады. Ал базыларға
болса, урыс қуралларын ҳәм саўаш
арбаларының әсбап-үскенелерин
соқтырып қояды. 13 Қызларыңызды
ийис май ислеўши, аспаз ҳәм нанбай
етип алады. 14 Жақсы егислик жер-
лериңизди, жүзим ҳәм зәйтүн бағла-
рыңызды алып, өз хызметшилерине
береди. 15 Ол зүрәәтиңиздиң ҳәм
жүзимиңиздиң оннан бирин алып,
өз ақталарына ҳәм хызметшилерине
береди. 16 Қул ҳәм шорыларыңыз-
ды, ең жақсы өгиз* ҳәм ешекле-
риңизди алып, өз жумысларында
пайдаланады. 17 Ол майда малла-
рыңыздың да оннан бирин алады,
ал өзлериңиз оның қуллары бола-
сызлар. 18 Усылар орынланғанда,
өзлериңиз таңлаған патшаңыздың
дәртинен нала шегесизлер. Бирақ
сол күни Жаратқан Ийе сизлерге
жуўап бермейди.
19 Деген менен, халық Самуелдиң
сөзин тыңлағысы келмей:
– Яқ, бизлерди басқаратуғын бир
патша болсын. 20 Сонда бизлер де
басқа халықлар сыяқлы боламыз.
Патшамыз бизлерге бийлик етеди
ҳәм алдымызда жүрип, саўашлары-
мызды басқарады, – деди.
21 Самуел халықтың барлық
сөзлерин тыңлағаннан соң, олар-
ды Жаратқан Ийеге айтып берди.
22 Сонда Жаратқан Ийе Самуелге:
– Олардың сөзине қулақ салып,
оларға бир патша қойып бер, – деп
жуўап берди.
Соннан кейин, Самуел израил-
лыларға:
– Ҳәр бир адам өз қаласына қайт-
сын, – деди.

### Самуелдиң Шаул менен ушырасыўы

9 1 Бенямин урыўынан Киш де-
ген абырайлы бир адам бар еди.
Ол Абиелдиң улы, Серордың ақлы-
ғы, Бехораттың шаўлығы, Афиах-
тың қуўлығы еди. 2 Киштиң жас ҳәм
сымбатлы Шаул атлы бир улы бар
еди. Израил халқы арасында оннан
асқан сымбатлы адам жоқ еди. Ҳәр

қандай адамның бойы оның ийни-
не келетуғын еди.
3 Бир күни Шаулдың әкеси Киш-
тиң ешеклери жойтылып кетти.
Сонда Киш улы Шаулға:
– Хызметшилерден биреўин жа-
ныңа алып, ешеклерди изле, – деди.
4 Шаул Эфрайымның таўлы үл-
кесин ҳәм Шалиша жерлерин ай-
ланып шықты. Бирақ ешеклерди
таба алмады. Олар Шаалим үлке-
сине барды, бирақ ешеклер ол жер-
де де жоқ болып шықты. Соңынан
олар Бенямин жерине барды, бирақ
ешеклерди ол жерден де таба алма-
ды. 5 Олар Суф жерине жеткенде,
Шаул жанындағы хызметшисине:
– Жүр, қайта қояйық. Болмаса,
әкем ешеклерди қойып, бизлерди
қайғыра баслар, – деди.
6 Бирақ хызметши оған:
– Қара, мына қалада Қудайдың
адамы турады. Ол абырайлы адам
болып, оның айтқанларының бәри
орынланады. Ҳәзир сол жерге ба-
райық. Бәлким, ол бизлерге жол
көрсетер, – деди.
7 Шаул оннан:
– Егер барсақ, оған не апарамыз?
Дорбамыздағы нанымыз да таўы-
сылды. Қудайдың адамына бере-
туғын ҳеш қандай саўғамыз жоқ.
Немиз қалды? – деп сорады.
8 Хызметши Шаулға және:
– Мине, менде шерек шекел[a] гүмис
бар. Ол бизлерге баратуғын жолы-
мызды көрсетиўи ушын, мен оны
Қудайдың адамына беремен, – деп
жуўап берди.
9 Бурын Израилда бир адам
Қудайдан бир нәрсе сорамақшы
болғанда: «Жүриң, көзи ашық-
қа барайық», – дейтуғын болған.
Себеби ҳәзир пайғамбар деп ата-
латуғын адамларды бурын «көзи
ашықлар» деп атаған.
10 Шаул хызметшисине:
– Яқшы, барайық, – деди. Солай
етип, олар Қудайдың адамы жасай-
туғын қалаға қарай кетти.
11 Олар қалаға қарай көтерилип
баратырғанда, суў алыўға шық-
қан қызларды ушыратып, олардан:
– Көзи ашық усы жерде ме? – деп
сорады.
12 Қызлар оларға былай деп жу-
ўап берди:
– Аўа, ол сизлердиң алдыңыз-
да кетип баратыр. Асығыңлар, ол
қаламызға бүгин келди. Себеби
халық бүгин сыйыныў орында қур-
банлық бережақ. 13 Қалаға кири-
ўиңизден-ақ, аўқатланыў ушын
сыйыныў орынға шықпасынан бу-
рын оны таўып аласыз. Ол барып,
қурбанлықты мухаддеслемегенше,
халық аўқат жемейди. Шақырыл-
ғанлар ол келгеннен соң жеўди бас-
лайды. Ҳәзир барсаңыз, оны дәрҳал
таўып аласыз.
14 Шаул ҳәм оның хызметшиси
қалаға кетти. Олар қалаға кирген-
де, сыйыныў орнына баратырған
Самуел олардың қарсы алдынан
шықты.
15 Шаул келмесинен бир күн ал-
дын, Жаратқан Ийе Самуелге аян
берип: 16 «Ертең усы ўақытта са-
ған Бенямин жеринен бир адамды
жиберемен. Оны майлап, халқым
Израилға ҳүкимдар етип қой. Ол
халқымды филистлер қолынан

---

a **9:8** *Шерек шекел* – бир шекел шама менен 11 гр.

қутқарады. Мен халқымның аў-
ҳалын көрдим. Өйткени олардың
дады Маған жетип келди», – де-
ген еди.
[17] Самуел Шаулды көргенде,
Жаратқан Ийе Самуелге: «Саған
айтқан адамым усы болады. Хал-
қыма ол ҳүкимдарлық етеди», –
деди. [18] Шаул қала дәрўазасында
Самуелди ушыратып, оннан:
– Көзи ашықтың үйи қай жерде,
айтып жибересиз бе? – деп сорады.
[19] Самуел оған былай деп жуўап
берди:
– Көзи ашық мен боламан. Мениң
алдымда жүрип, сыйыныў орнына
көтерил. Бүгин мениң менен бирге
аўқатланасаң. Ал азанда жүрегиң-
дегиниң бәрин өзиңе айтып берип,
үйиңе қайтараман. [20] Үш күн алдын
жойтылған ешеклериңди қайғырма,
олар табылды. Израилдың пүткил
үмити кимнен? Сеннен ҳәм әкең-
ниң хожалығынан емес пе?
[21] Шаул Самуелге:
– Мен Израил урыўлары ишинде-
ги ең кишкенеси болған Бенямин
урыўынан емеспен бе? Мен тийисли
болған тийре де Бенямин урыўын-
дағы барлық тийрелердиң ең киш-
кенеси емес пе? Маған не ушын бул
сөзлерди айтып турыпсыз? – деди.
[22] Самуел Шаулды ҳәм оның
хызметшисин сыйыныў орнының
аўқатланыў бөлмесиндеги шақы-
рылған отыздай қонақтың үстине
алып барып, ең төрге отырғызды.
[23] Соңынан аспазға:
– Мениң саған бөлек алып қой деп
берген гөшимди алып кел, – де-
ди. [24] Аспаз санның гөшин әкелип,
Шаулдың алдына қойды. Самуел
Шаулға:
– Бул сениң пайың. Мәрҳәмат, же!
Себеби буны белгиленген күни мен
шақырған халық пенен бирге же-
ўиң ушын сақлап қойған едим, –
деди.
Сол күни Шаул Самуел менен
бирге аўқатланды. [25] Олар сыйы-
ныў орнынан қалаға түскеннен
кейин, Самуел үйиниң төбесин-
де Шаул менен сөйлесип отырды.

### Шаулдың ҳүкимдарлыққа тайынланыўы

[26] Таң азанда Самуел үйдиң төбе-
синде жатырған Шаулды шақырып:
– Таярлан, сени жолға шығарып
салайын, – деди.
Шаул орнынан турып, Самуел ме-
нен бирге сыртқа шықты. [27] Олар қа-
ла шетине жеткенде, Самуел Шаулға:
– Хызметшиңе айт, алдымызға
түсип жүре берсин, – деди. Хыз-
метши алдыға жүрип кеткеннен
кейин, Самуел Шаулға:
– Бирақ сен тоқтап тур, мен са-
ған Қудайдың сөзлерин билдире-
йин, – деди.

**10** [1] Соңынан Самуел зәйтүн
майы қуйылған ыдысын
алып, майды Шаулдың басына
қуйды ҳәм оны сүйип, былай деди:
– Жаратқан Ийе сени майлап, Өз
халқы үстинен ҳүкимдар етип қой-
ды. [2] Бүгин мениң жанымнан кет-
кениңнен соң, Бенямин жериниң
шегарасындағы Селсахтағы Раҳи-
ланың мазары жанында еки адам-
ды ушыратасаң. Олар саған: «Сен
излеп кеткен ешеклер табылды.
Әкең ешеклерди ойлағанды қойып,
балама не болды екен деп, сени
қайғырып атыр», – дейди. [3] Оннан

арман қарай жүрип, Табордағы те-
ребинф ағашына барасаң. Ол жерде
үш адамды ушыратасаң. Олардың
биреўи үш ылақ, екиншиси үш нан,
ал үшиншиси шарап қуйылған мес
алып, Қудайдың үйине, Бейт-Эл-
ге баратырған болады. **4** Олар сә-
лемлесип, саған еки нан береди,
сен оларды аласаң. **5** Соңынан фи-
листлердиң сақшылар бөлимшеси
орналасқан Гибат-Элоҳимге бара-
саң. Қалаға киргениңде, сыйыныў
орнынан түсип киятырған пайғам-
барлар топарын ушыратасаң. Олар
арфа, дәп, сырнай ҳәм лира[a] шерт-
кенлерге қосылып, өзгеше бир аў-
ҳалда киятырған болады. **6** Сонда
Жаратқан Ийениң Руўхы сени то-
лық бийлеп алып, сен де олар ме-
нен бирге өзгеше аўҳалға түсесең
ҳәм пүткиллей басқа адамға айла-
насаң. **7** Бул белгилер орынланған-
да, жағдайға қарай ис тут. Өйткени
Қудай сениң менен бирге болады.
**8** Енди меннен алдын Гилгалға ба-
рып, сол жерде мени жети күн күт.
Мен жандырылатуғын қурбанлық-
ларды ҳәм татыўлық қурбанлық-
ларын бериў ушын сениң жаныңа
бараман. Мен жаныңа барғанымда,
не ислеў кереклигин билдиремен.

**9** Шаул Самуелдиң жанынан ке-
тиў ушын бурылыўдан-ақ, Қудай
Шаулдың жүрегин өзгертип жи-
берди. Сол күни Самуел айтқан
ҳәмме нәрсе орынланды. **10** Олар
Гибаға келгенде, Шаулды пайғам-
барлар топары қарсы алды. Сонда
Қудайдың Руўхы Шаулды бийлеп
алып, Шаул да олар менен бирге өз-
геше аўҳалға түсип қалды. **11** Оны
бурыннан таныйтуғынлардың ҳәм-
меси оның пайғамбарлар менен
бирге өзгеше аўҳалда жүргенин
көргенде, бир-бирине: «Киштиң
улына не болған? Шаул да пайғам-
барлардың арасында ма?» – дести.

**12** Сол жерде отырғанлардың би-
ри: «Ал олардың әкеси ким екен?» –
деди. «Шаул да пайғамбарлардың
арасында ма?» – деген гәп усыдан
қалған екен. **13** Шаул өзгеше аўҳал-
дан өзине келгеннен кейин, сыйы-
ныў орнына көтерилди.

**14** Сонда ағасы Шаулдан ҳәм оның
хызметшисинен:

– Сизлер қай жерге бардыңлар? –
деп сорады.

Шаул оған:

– Бизлер ешеклерди изледик.
Оларды таба алмағаннан соң, Са-
муелге бардық, – деп жуўап берди.

**15** Ағасы Шаулға:

– Самуел саған не айтты, маған
да айтып бер, – деди.

**16** Шаул оған:

– Ол бизлерге ешеклердиң табыл-
ғанын анық айтып берди, – деди.
Бирақ ол Самуелдиң өзине патша-
лық туўралы айтқан сөзлери ҳақ-
қында тис жармады.

**17** Самуел Израил халқын Миспа-
ға, Жаратқан Ийениң алдына жый-
нап, **18** оларға былай деди:

– Израилдың Қудайы Жаратқан
Ийе былай дейди: «Мен израиллы-
ларды, яғный сизлерди Мысырдан
алып шықтым. Мысырлылардың
ҳәм өзлериңизди езген барлық
патшалардың қолынан сизлерди
қутқардым. **19** Бирақ сизлер бүгин
өзлериңизди барлық мүсийбет ҳәм

---

[a] **10:5** *Лира* – бармақ пенен шертилетуғын тарлы саз әсбабы.

қыйыншылықларыңыздан қут-
қарған Қудайыңыздан жүз бурып,
өзлериңизге бир патша қойып
бериўди талап еттиңиз». Енди
Жаратқан Ийениң алдында урыў-
ларыңыз ҳәм тийрелериңиз бойын-
ша дизилиңлер.
20 Самуел пүткил Израил урыў-
ларын бирме-бир алдыға шығарды.
Шек бойынша олардан Бенямин
урыўы таңланды. 21 Соңынан Бен-
ямин урыўы тийрелери бойынша
шақырылғанда, Матрийдиң тий-
реси таңланды. Ең соңында Мат-
рийдиң тийресинен Киштиң улы
Шаул таңланды. Бирақ оны изле-
генде, таба алмады. 22 Сонда халық
Жаратқан Ийеден:
– Ол адам еле бул жерге келмеди
ме? – деп сорады.
Жаратқан Ийе оларға:
– Ол усы жерде, жүклердиң ара-
сында жасырынып жатыр, – деп
жуўап берди.
23 Олар жуўырып барып, Шаул-
ды сол жерден алып келди. Шаул
халықтың арасында турғанда, ҳәм-
мениң бойы оның ийнине келип
турды. 24 Самуел халыққа:
– Жаратқан Ийениң таңлаған ада-
мын көрип турсызлар ма? Пүткил
халық арасында оған тең келету-
ғыны жоқ, – деди.
Сонда халық:
– Жасасын патша! – деп бақырды.
25 Самуел халыққа патшалық-
тың ҳуқықлары туўралы баянлап
берди. Оларды бир китап қылып
жазып, Жаратқан Ийениң алды-
на қойды. Соңынан ҳәммени үйи-
не қайтарды. 26 Шаул да Гибаға, өз
үйине қайтты. Қудай жүреклерине
түртки салған мәрт адамлар оған
жолдас болды. 27 Бирақ гейбир жа-
рамас адамлар: «Ол бизлерди қа-
лай қутқара алады?» – деп Шаулды
менсинбей, оған сыйлар бермеди.
Ал Шаул өзин сезбегенге алды.

### Шаулдың аммон халқын жеңиўи

11 1 Аммон патшасы Нахаш
Гиладтағы Ябеш қаласына
келип, қаланы қамал етти. Пүткил
ябешлилер Нахашқа:
– Бизлер менен келисим дүз. Биз-
лер саған хызмет етемиз, – деди.
2 Бирақ Аммон патшасы Нахаш:
– Мен бир шәрт пенен келисим дү-
земен. Пүткил Израил халқын мас-
қара етиў ушын, ҳәр бириңиздиң
оң көзиңизди ойып аламан, – деди.
3 Ябеш қаласының ақсақаллары
Нахашқа:
– Израилдың ҳәмме жерине ха-
баршылар жибериўимиз ушын,
бизлерге жети күн мәўлет бер.
Егер бизлерди қутқаратуғын ҳеш
ким табылмаса, саған тәслим бо-
ламыз, – деди.
4 Хабаршылар Шаул жасап атыр-
ған Гиба қаласына келип, болып
атырған ўақыяларды халыққа ха-
барлағанда, халық дад салып жы-
лай баслады. 5 Тап усы ўақытта
Шаул өгизлерин айдап, атыздан
киятырған еди. Ол:
– Адамларға не болды? Неге
бунша жылап атыр? – деп сорады.
Сонда ябешлилердиң жоллаған ха-
барын оған айтып берди.
6 Шаул бул гәплерди еситкен ўа-
қытта, Қудайдың Руўхы оны бий-
леп алды. Шаул қатты ашыўға
минди. 7 Ол бир жуп өгизди сойып,
оларды жиликледи де, жиликлерди

хабаршылар арқалы Израилдың
ҳәмме тәрепине жиберип: «Ша-
ул менен Самуелдиң изине ерме-
ген ҳәр бир адамның өгизлерине
де анық усылай исленеди», – деди.
Халық Жаратқан Ийеден қорқ-
қанынан қалтырап, ҳәммеси бир
жағадан бас шығарып, жолға ат-
ланды. 8 Шаул оларды Безекке
жыйнады. Сонда Израилдың бас-
қа урыўларынан үш жүз мың, ал
Яҳуда урыўынан отыз мың адам
болды. 9 Израиллылар сол жер-
ге келген ябешли хабаршыларға:
– Гиладтағы Ябеш турғынлары ер-
тең күн тас төбеге көтерилгенде қут-
қарылатуғынын айтыңлар, – деди.
Хабаршылар барып, бул хабарды
жеткизгенде, ябешлилер қуўанып
кетти. 10 Олар Нахашқа:
– Ертең сизлерге тәслим боламыз.
Сонда бизлерге нени мақул көрсе-
ңиз, соны ислең, – деди.
11 Ертеңине Шаул адамларын үш
топарға бөлди. Олар ерте таңда
аммонлардың ордасына бастырып
кирип, оларды күн қызғанша қы-
рып таслады. Аман қалғанлары та-
рап кетип, дара-дара болып қашты.
12 Буннан кейин, халық Самуелге:
– «Шаул ма бизге патша бола-
туғын?» – дегенлер кимлер еди?
Оларды алып келиңлер, өлтире-
миз, – деди.
13 Бирақ Шаул оларға:
– Бүгин ҳеш ким өлтирилмейди.
Себеби Жаратқан Ийе бүгин Из-
раил халқына қутқарылыў бер-
ди, – деди.
14 Ал Самуел халыққа:
– Гилгалға барып, сол жерде пат-
шалықты қайта тастыйықлайық, –
деди.
15 Солай етип, пүткил халық
Гилгалға барып, Жаратқан Ийе-
ниң алдында Шаулдың патшалы-
ғын тастыйықлады. Сол жерде,
Жаратқан Ийениң алдында татыў-
лық қурбанлықларын берди. Шаул
да, пүткил Израил халқы да жақ-
сылап бәзим қурды.

### Самуелдиң соңғы сөзи

12 1 Буннан кейин, Самуел Из-
раил халқына былай деди:
– Мен айтқанларыңыздың ҳәм-
месине қулақ асып, сизлерге патша
тайынлап бердим. 2 Енди сизлер-
ди басқаратуғын патшаңыз бар. Ал
мен қартайдым, шашларым да ағар-
ды. Улларым да сизлер менен бирге.
Жаслығымнан баслап, усы күн-
ге шекем сизлерге бийлик еттим.
3 Мине, мен алдыңызда турыппан.
Айтыңлар, қайсы бириңиздиң өги-
зиңизди алдым? Кимниң ешегин
тартып алдым? Кимди алдадым?
Кимге зулымлық қылдым? Ким-
нен пара алып, оның айыпларын
көрмесликке алдым? Жаратқан
Ийениң ҳәм Оның майлаған патша-
сының алдында гүўалық бериңлер.
Сизлерден бир нәрсе алған болсам,
қайтарып берейин.
4 Халық оған:
– Бизлерди алдамадың, бизлер-
ге зулымлық та қылмадың, ҳеш
кимниң қолынан ҳеш нәрсе алма-
дың, – деди.
5 Самуел оларға:
– Меннен бирде бир нуқсан тап-
пағаныңызға Жаратқан Ийе де, Ол
майлаған патша да гүўа, – деди.
– Аўа, гүўа, – деди халық.
6 Самуел сөзин былай деп даўам
етти:

– Муўса менен Харонды тайынлап,
ата-бабаларыңызды Мысыр ели-
нен алып шыққан Жаратқан Ийе
болады. 7 Енди усы жерде турың-
лар. Жаратқан Ийениң сизлерди
ҳәм ата-бабаларыңызды қутқарыў
ушын ислеген барлық жақсы ис-
лерин Оның алдында сизлерге дә-
лиллеп берейин. 8 Яқып Мысырға
кеткеннен кейин, ата-бабалары-
ңыз Жаратқан Ийеге жалбарын-
ғанда, Ол Муўса менен Харонды
жиберди. Олар ата-бабаларыңыз-
ды Мысырдан алып шығып, усы
жерге орналастырды. 9 Бирақ ата-
бабаларыңыз өзлериниң Қудайы
Жаратқан Ийени умытты. Сонлық-
тан Жаратқан Ийе оларды Хасор
патшасының сәркәрдасы Сисера-
ның, филистлердиң ҳәм Моаб пат-
шасының қолына тапсырды. Олар
ата-бабаларыңызға қарсы урыс-
ты. 10 Ата-бабаларыңыз Жаратқан
Ийеге: «Бизлер гүна иследик. Сени
таслап, Баал ҳәм Аштарта бутлары-
на хызмет еттик. Енди бизлерди
душпанларымыздың қолынан қут-
қар, Саған хызмет етемиз», – деп
жалбарынды. 11 Сонда Жаратқан
Ийе Еруббаалды, Беданды, Иф-
тахты ҳәм Самуелди, яғный ме-
ни жиберип, қәўипсиз жасаўыңыз
ушын, әтирапыңызды қоршаған
душпанларыңыздың қолынан сиз-
лерди қутқарды. 12 Бирақ сизлер
Аммон патшасы Нахаштың өзле-
риңизге қарсы атланғанын көрге-
ниңизде, патшаңыздың Қудайыңыз
Жаратқан Ийе екенине қарамастан:
«Яқ, бизлерди патша басқарсын», –
дедиңлер. 13 Мине, өзлериңиз таң-
лап, тилеп алған патшаңыз! Аўа,
Жаратқан Ийе сизлерге патша
берди. 14 Егер Жаратқан Ийеден
қорқып, Оған хызмет қылсаңыз,
Оның сөзлерин тыңлап, буйрық-
ларына қарсы шықпасаңыз, сизлер
де, сизлерди басқаратуғын патша-
ңыз да Қудайыңыз Жаратқан Ийе-
ге ерсеңиз, ҳәммеси жақсы болады.
15 Егер Жаратқан Ийениң сөзи-
не қулақ аспай, Оның буйрықла-
рына қарсы шықсаңыз, Жаратқан
Ийе ата-бабаларыңызды жазала-
ғаны сыяқлы, сизлерди де жаза-
лайды. 16 Енди орныңызда турып,
Жаратқан Ийениң көз алдыңызда
ислейтуғын уллы исин көриңлер.
17 Ҳәзир бийдай орымы ўақты емес
пе? Мен Жаратқан Ийеге жалбары-
наман ҳәм Ол аспанды гүркиретип,
жаўын жаўдырады. Сонда сизлер
патша қойыўды сорап, Жаратқан
Ийениң нәзеринде қандай жаман-
лық ислегениңизди жақсы түси-
нип аласыз.

18 Самуел Жаратқан Ийеге жал-
барынды ҳәм Жаратқан Ийе сол
күни аспанды гүркиретип, жаўын
жаўдырды. Халық Жаратқан Ийе-
ден де, Самуелден де қатты қорқты.

19 Олар Самуелге:

– Набыт болмаўымыз ушын,
бизлер, яғный өз қулларың ушын
Қудайың Жаратқан Ийеге жалба-
рын. Өйткени бизлер патша сорап,
өз гүналарымыз үстине гүна жама-
дық, – деди.

20 Сонда Самуел халыққа бы-
лай деди:

– Қорқпаңлар, сизлер бул үлкен
жаманлықты иследиңлер. Бирақ
енди Жаратқан Ийеден жүз бур-
май, Оған ериңлер ҳәм шын жүрек-
тен хызмет етиңлер. 21 Ҳеш кимди
қутқара алмайтуғын жарамсыз

бутлардың изине ермеңлер. Себе-
би олар пайдасыз. 22 Өзиниң уллы
аты ушын Жаратқан Ийе Өз хал-
қынан жүз бурмайды. Себеби Ол
сизлерди Өз халқы қылыўды ма-
қул тапты. 23 Маған келсек, сизлер
ушын Жаратқан Ийеге жалбары-
ныўдан ўаз кешиў арқалы, Оған
қарсы гүна ислеўден аўлақ бол-
ғайман! Мен сизлерге тек жақ-
сы ҳәм туўры жолды көрсетемен.
24 Жалғыз Қудайдан қорқыңлар,
Оған шын жүректен садықлық пе-
нен хызмет етиңлер. Оның сизлер
ушын қандай уллы ислерди ис-
легенин есте тутыңлар! 25 Бирақ
жаўызлық ислеўди даўам ете бер-
сеңиз, өзлериңиз де, патшаңыз да
қырылып кетесизлер.

### Филистлер менен урыс

**13** 1 Шаул Израилда еки жыл
патшалық еткеннен соң*,
2 халықтан үш мың адамды таңлап
алып, олардың еки мыңын Мих-
мас ҳәм Бейт-Элдиң таўлы үлке-
леринде өз жанына алып қалды.
Ал бир мыңын Бенямин урыўына
тийисли болған Гиба қаласында-
ғы Ионатанның жанына жибер-
ди. Халықтың қалғанын үйлерине
қайтарды.

3 Ионатан филистлердиң Гиба-
дағы сақшылар топарын қыйрат-
ты. Филистлер бул туўралы еситти.
Ал Шаул: «Еврейлер бул хабарды
еситсин», – деп пүткил ел бойлап
кәрнай шерттирди. 4 Солай етип,
израиллылардың ҳәммеси Шаул-
дың филистлердиң сақшылар то-
парын қырғаны ҳәм филистлердиң
израиллыларды жек көрип қалған-
лығы туўралы еситти. Сонлықтан
халық Гилгалға, Шаулдың жаны-
на жыйналды.

5 Филистлер израиллылар ме-
нен урысыў ушын топланды. Олар
үш мың* саўаш арбасы, олардың
үстиндеги алты мың әскери ҳәм
теңиз қумындай сансыз пияда әс-
керлери менен келип, Бейт-Аўен-
ниң шығысындағы Михмасқа орда
қурды. 6 Израиллылар өзлериниң
қәўипли жағдайда екенин ҳәм әс-
керлериниң қысқыға алынғанын
көргенде, үңгирлерге, шеңгеллик-
лерге, жартаслардың қуўысларына,
шуқырларға ҳәм суў сақлағыш-
ларға жасырынды. 7 Еврейлердиң
айырымлары болса, Иорданнан
Гад ҳәм Гилад жерлерине кесип
өтти. Бирақ Шаул еле Гилгалда
еди. Оның изине ерген пүткил әс-
керлер қорқыныштан қалтырасты.
8 Шаул Самуел тәрепинен белги-
ленген мүддетке бойсынып, жети
күн күтти. Бирақ Самуел Гилгал-
ға келмей атырғанлықтан, халық
Шаулдың жанынан кете баслады.
9 Сонда Шаул:

– Жандырылатуғын қурбанлық
пенен татыўлық қурбанлығы ушын
берилетуғын малларды маған алып
келиңлер, – деди де, жандырылату-
ғын қурбанлықты усынды. 10 Ша-
ул жандырылатуғын қурбанлықты
берип болар-болмастан, Самуел
келди. Шаул сәлем бериў ушын
оның алдына шықты. 11 Самуел
Шаулдан:

– Не ислеп қойдың? – деп сорады.

Шаул оған былай жуўап берди:

– Адамларым жанымнан кете
баслады. Сен де белгиленген күни
келмедиң. Буның үстине, филист-
лердиң Михмасқа топланғанын

көргенимде: 12 «Енди филистлер
Гилгалға, мениң үстиме басты-
рып келеди, ал мен елеге шекем
Жаратқан Ийеден мийрим сорама-
дым», – деп ойладым. Сонлықтан
мен жандырылатуғын қурбанлық-
ты бериўди шештим.
13 Самуел Шаулға:
– Сен ақылсызларша ис тутып,
Қудайың Жаратқан Ийениң өзи-
ңе берген буйрығын орынламадың.
Булай ислемегениңде, Ол сениң
Израил үстинен патшалығыңды
мәңгилик қылар еди. 14 Бирақ енди
сениң патшалығың узаққа бармай-
ды. Жаратқан Ийе Өзиниң кеўли-
не жаққан биреўди таўып, оны Өз
халқы үстинен ҳүкимдар етип қой-
ды. Себеби сен Жаратқан Ийениң
буйрығына бойсынбадың, – деди.
15 Соннан кейин, Самуел Гил-
галдан шығып, Бенямин урыўы-
ның Гиба қаласына кетти. Шаул
жанында қалған адамларды санап
шықты. Олар шама менен алты
жүз адам еди. 16 Шаул, оның улы
Ионатан ҳәм олардың адамлары
Бенямин урыўына тийисли бол-
ған Гиба қаласына орналасты. Ал
филистлер болса, Михмасқа орда
қурған еди. 17 Филистлердиң орда-
сынан үш топар әскер елди тонаў
ушын бөлинип шықты. Топарлар-
дың бири Шуўал үлкесиндеги Оф-
раға, 18 екиншиси Бейт-Хоронға,
үшиншиси Себоим ойпатлығы үс-
тинен көтерилип турған шөлге ба-
ратуғын жол арқалы шегарадағы
жерлерге қарай жол алды.
19 Пүткил Израил елинде бирде
бир темирши уста жоқ еди. Өйтке-
ни филистлер: «Еврейлер найза ҳәм
қылыш соғып алмасын», – деген
еди. 20 Сонлықтан пүткил Израил
халқы пазналарын, кетпенлерин,
балталарын ҳәм орақларын егетиў
ушын филистлерге барыўға мәж-
бүр еди. 21 Пазна ҳәм кетпенлердиң
егеў баҳасы бир шекелдиң үштен
еки бөлегине шамалас болған гү-
мистен, ал бел, балта ҳәм ушлы
қуралларды егеў баҳасы бир ше-
келдиң үштен бирине тең болған
гүмистен ибарат еди. 22 Сол себеп-
ли саўаш ўақтында Шаул менен
Ионатанның қасындағылардың
ҳеш биринде қылыш та, найза да
болмады. Олар тек Шаул менен
Ионатанда ғана бар еди.
23 Сол арада филистлердиң бир
топары Михмас өткелине қарай
шықты.

### Ионатанның мәртлиги

14 1 Бир күни Шаулдың улы
Ионатан өз нөкерине:
– Жүр, арғы тәрептеги филистлер-
диң ордасына өтейик, – деди. Би-
рақ Ионатан буны әкесине айтпады.
2 Шаул Гиба қаласы жанындағы
Мигронда бир анар ағашының сая-
сында отырған болып, оның жа-
нында алты жүзге шамалас адамы
бар еди. 3 Эфод кийген Ахия да сол
жерде еди. Ахия Ихабодтың ағасы
Ахитубтың улы, Пинехастың ақлы-
ғы, Шилода Жаратқан Ийениң руў-
ханийи болған Элийдиң шаўлығы
еди. Халық Ионатанның кеткенин
сезбей қалды. 4 Ионатан филист-
лердиң ордасына өтиўди режелес-
тирген өткелдиң еки тәрепинде
де жартаслар болып, олардың би-
реўи Босес, екиншиси Сенне деп
аталатуғын еди. 5 Жартаслардың
биреўи арқада болып, Михмасқа,

екиншиси қублада болып, Гибаға
қарап турған еди.
6 Ионатан нөкерине:
– Жүр, сол сүннетсизлердиң орда-
сына барайық. Бәлким, Жаратқан
Ийе бизлерге жәрдем берер. Себеби
көпшилик пенен де, азшылық пе-
нен де Жаратқан Ийениң жеңиске
ерисиўине ҳеш нәрсе тосқынлық
жасай алмайды, – деди.
7 Нөкер оған:
– Не ойласаңыз, соны ислең.
Баслаң, қаяққа барыўды мақул
көрсеңиз де, мен сиз бенен бирге-
мен, – деп жуўап берди.
8 Сонда Ионатан былай деди:
– Бизлер сол адамлар бетке өте-
йик, олар бизлерди көрсин.
9 Егер
олар бизлерге: «Жаныңызға бар-
ғанымызша, тоқтап турың», – десе,
турған жеримизде қалып, олар-
ға қарай көтерилмеймиз.
10 Егер
олар: «Жанымызға келиңлер», –
десе, бизлер көтерилемиз. Себеби
бул – бизлер ушын Жаратқан Ийе-
ниң филистлерди бизлерге тәслим
ететуғынын билдиретуғын белги
болады.
11 Солай етип, олар екеўи де фи-
листлердиң әскерлерине көринди.
Сонда филистлер:
– Қараңлар, еврейлер жасырын-
ған шуқырларынан шыға баслады, –
деди.
12 Соңынан олар Ионатанға
ҳәм оның нөкерине:
– Берман келиңлер, сизлерге бир
нәрсе айтажақпыз, – деп бақырды.
Сонда Ионатан өз нөкерине:
– Мениң изимнен ер, Жаратқан
Ийе оларды израиллыларға тәс-
лим етти, – деди.
13 Ионатан аяқ-
қоллары менен тырмасып, өрмелей
баслады. Нөкери де оған ерди.
Ионатан филистлерди урып қула-
та берди, нөкери де оларды өлтире
берди.
14 Ионатан ҳәм оның нөке-
ри бул биринши ҳүжим ўақтында,
еки өгиз бир күнде сүретуғын атыз
майданының ярымындай жерде
жигирмаға жақын адамды өлтир-
ди.
15 Қыр даладағы ордада ҳәм
пүткил филист халқы арасында
қорқыныш ҳүким сүрди. Әскерлер
менен тонаўшы топарлар да қатты
қалтырасты. Жер де силкинди. Бул
Қудай жиберген қорқыныш еди.

## Филистлер үстинен жеңис

16 Бенямин жериниң Гиба қала-
сында Шаулдың гүзетшилери сан-
сыз филист әскерлериниң тарап,
жән-жаққа қашып баратырғанын
көрди.
17 Сонда Шаул жанында-
ғыларға:
– Әскерлерди барлап шығып, ким-
ниң жоқ екенин билиңлер, – деди.
Олар барлап шыққанда, Ионатан
менен оның нөкериниң жоқ екен-
лиги мәлим болды.
18 Шаул Ахияға:
– Қудайдың сандығын алып кел, –
деди. Сол ўақытта Қудайдың сан-
дығы Израил халқында еди.
19 Шаул руўханий менен сөйлесип
атырған ўақытта, филистлердиң
ордасындағы ала-пасырлы және де
ҳәўиж алған еди. Шаул руўханийге:
– Сандықты әкелмей-ақ қой, ке-
рек емес, – деди.
20 Соңынан Шаул
ҳәм оның жанындағы әскерлердиң
ҳәммеси топланып, саўаш майда-
нына кетти. Ол жерде уллы ала-
пасырлы жүз берип, филистлер
бир-бирине қылыш сермеп атыр-
ған еди.
21 Бурын филистлер тә-
репине өтип, олардың ордасында
болған еврейлер де саптан шығып,

Шаул менен Ионатанның жанын-
дағы Израил әскерлерине қосылды.
22 Эфрайымның таўлы үлкесинде
жасырынып жүрген израиллылар
да филистлердиң қашып атырға-
нын еситкенде, саўаш майданына
шығып, филистлерди қуўа басла-
ды. 23 Солай етип, Жаратқан Ийе
сол күни израиллыларды жеңиске
еристирди. Саўаш Бейт-Аўенниң
арғы тәрепине шекем жайылды.

24 Сол күни израиллылар қатты
шаршаған еди. Себеби Шаул: «Кеш-
ке шекем, мен душпанларымнан өш
алмағанымша, дуз татқан хәр бир
адамға нәлет жаўсын», – деген шәрт
қойып, халыққа ант иштирген еди.
Сонлықтан хеш ким хеш нәрсе же-
меген еди. 25 Әскерлер тоғайға кет-
ти. Ол жерде ағып атырған пал бар
еди. 26 Олар тоғайға киргенде, ағып
атырған палға көзлери түссе де, иш-
кен антынан қорққанлықтан, хеш
бири палға қол тийгизбеди. 27 Би-
рақ Ионатан әкесиниң әскерлерге
ант иштиргенин еситпеген еди. Ол
қолындағы таяғын созып, ушын
уядағы палға батырып алды. Ол
палды татып көриўден-ақ, көзле-
ри шайдай ашылды. 28 Сонда сол
жердегилердиң бири оған:

– Әкең әскерлерге: «Егер бүгин
ким де ким дуз татса, оған нәлет
жаўсын», – деп ант иштирген еди.
Сонлықтан да әскерлер халдан тай-
ған, – деди.

29 Ионатан оған:

– Әкем елди аўыр аўхалға салып
қойған екен. Қараңлар, мына пал-
дан аз-маз татып көрип едим, көз-
лерим шайдай ашылды. 30 Бүгин
халық душпанларынан олжаға ал-
ған азық-аўқаттан жегенде, жүдә
жақсы болар еди. Сонда филист-
лер буннан да үлкенирек қырғын-
ға ушыраған болар ма еди? – деди.

31 Сол күни израиллылар филист-
лерди Михмастан Айялонға ше-
кем жеңилиске ушыратты. Халық
қатты халдан тайды. 32 Сонлықтан
олар олжалаған малларына тас-
ланып, қойларды, өгизлерди хәм
баспақларды сол жерде-ақ сойып,
қанын ағызбастан жеди. 33 Сонда
Шаулға: «Қара, халық гөшти қаны
менен жеп, Жаратқан Ийеге қарсы
гүна ислеп атыр», – деп хабарлады.
Шаул адамларға:

– Опасызлық қылдыңлар. Хә-
зир-ақ маған үлкен бир тасты до-
малатып алып келиңлер, – деди.
34 Соңынан ол және:

– Адамлар арасына барып айтың-
лар: өзлериниң өгизлерин хәм қой-
ларын маған алып келип, усы жерде
сойып жесин. Гөшти қаны менен
жеп, гүна ислемесин, – деди.

Сол күни түнде хәр бир адам өзи-
ниң өгизин алып келип, сол жерде
сойды. 35 Шаул Жаратқан Ийеге ар-
нап қурбанлық орнын қурды. Бул
Шаулдың Жаратқан Ийеге арнап
қурған биринши қурбанлық ор-
ны еди.

36 Шаул адамларына:

– Келиңлер, бүгин түнде филист-
лердиң изинен қуўып, таң атқанша
малларын тартып алайық. Олар-
дың бирде биреўин тири қалдыр-
майық, – деди.

Олар Шаулға:

– Нени мақул көрсеңиз, соны ис-
лең, – деди.

Бирақ руўханий:

– Келиңлер, Жаратқан Ийеден со-
райық, – деди. 37 Шаул Қудайдан:

– Филистлерге ҳүжим қыла бе-
рейин бе? Оларды израиллыларға
тәслим қыласаң ба? – деп сорады.
Бирақ Қудай сол күни жуўап бер-
меди. 38 Сонда Шаул былай деди:
– Ҳәй, пүткил халық басшылары!
Берман келиңлер, бүгин қандай гү-
на исленгенин анықлайық. 39 Из-
раилды қутқарған тири Жаратқан
Ийе ҳақы ант ишемен: егер бул гү-
наға жол ашқан улым Ионатан бол-
са да, ол сөзсиз өлтириледи.

Бирақ ҳеш ким үндемеди. 40 Ша-
ул пүткил израиллыларға:
– Сизлер бир тәрепте турыңлар,
мен улым Ионатан менен екинши
тәрепте тураман, – деди.

Адамлар оған:
– Нени мақул көрсеңиз, соны ис-
лең, – деп жуўап берди.

41 Шаул Израилдың Қудайы
Жаратқан Ийеге:
– Маған дурыс жуўапты бер, – де-
ди. Шек Ионатан менен Шаулға
түсти, ал халық ақланды. 42 Сон-
да Шаул:
– Енди улым Ионатан екеўимиз-
диң арамызға шек таслаң, – де-
ди. Бул рет шек Ионатанға түсти.
43 Сонда Шаул Ионатаннан:
– Маған айтшы, сен не иследиң? –
деп сорады.

Ионатан әкесине:
– Мен қолымдағы таяқтың ушы
менен азғантай пал алып жеген
едим. Мине, енди мен өлиўим ке-
рек, – деди.

44 Шаул оған:
– Ионатан, сен сөзсиз өлесең. Егер
мен сени өлтиртпесем, Қудай мени
жазалаған үстине жазаласын, – деди.

45 Бирақ халық Шаулға:
– Израилды үлкен жеңиске ерис-
тирген Ионатанды өлтирмекши-
мисең? Ҳасла! Тири Жаратқан Ийе
ҳақы ант ишемиз: оның шашының
бир талына да зыян тиймейди. Се-
беби ол бүгин не ислеген болса да,
Қудайдың жәрдеми менен исле-
ди, – деди.

Солай етип, халық Ионатанды
өлимнен қутқарып қалды.

46 Буннан соң, Шаул филистлерди
қуўыўдан ўаз кешти. Филистлер де
өз жерлерине қайтып кетти.

47 Шаул Израилға патша бол-
ғаннан соң, әтираптағы душ-
панларына: моаб, аммон, эдом
халықларына, Соба патшаларына
ҳәм филистлерге қарсы урысты. Ол
ҳәмме жерде жеңиске еристи. 48 Ол
мәртлерше урысып, амалеклер-
ди жеңди ҳәм израиллыларды то-
наўшылардың қолынан қутқарды.

### Шаулдың хожалығы

49 Шаулдың улларының аты Ио-
натан, Ишўий[a] ҳәм Малкий-Шуа
еди. Оның еки қызы болып, үлке-
ниниң аты Мераб, кишкенесиниң
аты Михал еди. 50 Ал ҳаялының
аты Ахиноам болып, ол Ахимаас-
тың қызы еди. Шаулдың әкесиниң
туўысқаны Нердиң улы Абнер Ша-
улдың сәркәрдасы еди. 51 Абнердиң
әкеси Нер ҳәм Шаулдың әкеси Киш
туўысқан болып, олар Абиелдиң ул-
лары еди. 52 Шаулдың пүткил өмири
даўамында филистлер менен қатал
урыслар болып турды. Шаул қай
жерде батыр ҳәм жаўынгер адам-
ды көрсе, оны өз хызметине алды.

---

a **14:49** *Ишўий* – басқа жерлерде «Эшбаал» ямаса «Иш-Бошет» деп те айтылады.

## Жаратқан Ийениң Шаулдан жүз бурыўы

**15** 1 Бир күни Самуел Шаулға
былай деди:
– Жаратқан Ийе сени майлап, Өз
халқы Израил үстинен патша етип
қойыў ушын мени жиберген еди.
Енди Жаратқан Ийениң сөзлерин
тыңла. 2 Әлемниң Жаратқан Ийе-
си былай дейди: «Израиллыларға
ислеген жаманлығы ушын амалек-
лерди жазаламақшыман. Өйткени
олар Мысырдан шыққан Израил
халқына қарсы шыққан еди. 3 Ен-
ди барып, амалеклерге ҳүжим қыл
ҳәм оларға тийисли барлық нәрсе-
ни толық жоқ қыл. Оларды аяма.
Еркегин де, ҳаялын да, балаларын
да, нәрестелерин де, өгизин де, қо-
йын да, түйесин де, ешегин де, ҳәм-
месин өлтир».
4 Шаул әскерлерин топлап, олар-
ды Телаим қаласында санақтан өт-
кизди. Ол жерде еки жүз мың пияда
әскер болып, Яҳуда урыўынан да
он мың әскер бар еди. 5 Шаул ама-
леклердиң қаласына барып, ойпат-
лықта буққы жасады. 6 Соңынан ол
кен халқына: «Сизлерди де ама-
леклер менен бирге қырып тасла-
маўым ушын, бөлинип, олардың
арасынан шығып кетиңлер. Себе-
би сизлер Мысырдан шыққан Из-
раил халқына жақсылық ислеген
едиңлер», – деп хабар жиберди.
Сонда кенлер амалеклерден айы-
рылып шықты.
7 Шаул Хаўиладан Мысырдың
шығысындағы Шурға шекемги
амалеклерди қыйратты. 8 Ол ама-
лек патшасы Агагты тирилей қол-
ға алды, ал оның пүткил халқын
қылыштан өткерип, қырып таслады.
9 Бирақ Шаул ҳәм оның адамлары
Агагты, оның ең жақсы қойларын,
сыйырларын, ең семиз таналарын
ҳәм қозыларын, улыўма жақсы нәр-
селерди аяп, оларды толық қырып
таслаўды қәлемеди. Ал әҳмийетсиз
ҳәм ҳәлсизлерин қырып таслады.
10 Сонда Жаратқан Ийеден Са-
муелге мынадай сөз түсти:
11 – Мен Шаулды патша етип та-
йынлағаныма өкинемен. Ол Мен-
нен жүз бурып, буйрықларымды
орынламады.
Самуел ашыўланды ҳәм түни ме-
нен Жаратқан Ийеге жалбарынды.
12 Ертеңине Самуел азанда ерте
турып, Шаул менен ушырасыўға
барды. Бирақ ол Шаулдың Кармел
қаласына кеткенин, сол жерде өзи-
не бир ескерткиш орнатқаннан соң,
төмен түсип Гилгалға қайтқанын
билди. 13 Самуел Шаулға келген-
де, Шаул оған:
– Сени Жаратқан Ийе жарылқа-
сын. Мен Жаратқан Ийениң буй-
рығын орынладым, – деди.
14 Бирақ Самуел оннан:
– Онда неге қулағыма қойдың ма-
ңырағаны ҳәм сыйырдың мөңире-
гени еситилип тур? – деп сорады.
15 Шаул оған:
– Адамларым оларды амалек-
лерден алып келди. Қудайың
Жаратқан Ийеге арнап қурбан-
лыққа шалыў ушын, қой ҳәм сы-
йырлардың ең жақсыларын аяп
алып қалды, қалғанларын толық
жоқ қылдық, – деп жуўап берди.
16 Сонда Самуел Шаулға:
– Тоқтай тур, бүгин түнде
Жаратқан Ийениң маған нелерди
айтқанын саған билдирейин, – деди.

– Айт, – деди Шаул.
17 Самуел сөзин даўам етип бы-
лай деди:
– Өзиңди пәс санап жүргенинде,
Израил урыўларының басшысы-
на айланбадың ба? Жаратқан Ийе
сени майлап, Израилға патша етип
қоймады ма? 18 Ол сени: «Барып,
сол гүнакар амалеклерди пүткил-
лей қырып тасла. Ҳәммесин жоқ
қылмағанша, олар менен урыс», –
деген тапсырма менен жиберген
еди. 19 Олай болса, неге Жаратқан
Ийениң сөзине қулақ аспадың?
Неге олжаға тасланып, Жаратқан
Ийениң нәзеринде жаўыз болған
исти иследиң?
20 Шаул Самуелге былай деп жу-
ўап берди:
– Бирақ мен Жаратқан Ийениң
сөзине қулақ астым. Мен Оның
жиберген жерине бардым. Ама-
лек халқын толық қырып таслап,
олардың патшасы Агагты усы жерге
алып келдим. 21 Адамларым бол-
са, Гилгалда Қудайың Жаратқан
Ийеге арнап қурбанлыққа шалыў
ушын қырып тасланыўы керек бол-
ған олжадан ең жақсы қой ҳәм мал-
ларды алды.
22 Сонда Самуел Шаулға былай
деп жуўап берди:
– Жандырылатуғын ҳәм басқа
қурбанлықлар бергеннен гөре,
Өзине қулақ асқанларға Жаратқан
Ийе көбирек қуўанбай ма? Қулақ
асыў қурбанлықтан, бойсыныў
қошқардың майынан артығырақ.
23 Себеби бойсынбаўшылық пал-
керлик сыяқлы гүна, ал менмен-
лик бутпаразлық пенен барабар.
Сен Жаратқан Ийениң буйрығын
орынлаўдан бас тартқаның ушын,
Жаратқан Ийе де сени патша етиў-
ден бас тартты.
24 Шаул Самуелге:
– Мен гүна иследим! Аўа,
Жаратқан Ийениң буйрығына да,
сениң сөзлериңе де бойсынбай,
адамларымнан қорққаным ушын,
оларға қулақ салдым. 25 Бирақ ен-
ди өтинемен, мениң гүнамды ке-
шир. Жаратқан Ийеге сыйыныўым
ушын мениң менен бирге қайт, –
деди.
26 Ал Самуел Шаулға:
– Мен сениң менен бирге қайт-
пайман. Өйткени сен Жаратқан
Ийениң буйрығын орынлаўдан бас
тарттың, Жаратқан Ийе де сени
Израилға патша етиўден бас тарт-
ты, – деди.
27 Самуел кетпекши болып бу-
рылғанда, Шаул оның шапанының
етегинен услап қалды. Шапан жыр-
тылды. 28 Сонда Самуел:
– Бүгин Жаратқан Ийе Израил-
дың патшалығын сениң қолың-
нан алды ҳәм сеннен жақсырағына
берди. 29 Израилдың уллы Қудайы
жалған сөйлемейди, пикирин де
өзгертпейди. Пикирин өзгертету-
ғындай Ол адам емес, – деди.
30 Шаул Самуелге:
– Мен гүна иследим. Бирақ хал-
қымның ақсақаллары ҳәм басқа
израиллылардың алдында маған
ҳүрмет көрсет. Қудайың Жаратқан
Ийеге сыйыныўым ушын, мениң
менен бирге қайт, – деди.
31 Солай етип, Самуел Шаул
менен бирге қайтты ҳәм Шаул
Жаратқан Ийеге сыйынды.
32 Соңынан Самуел:
– Амалеклердиң патшасы
Агагты мениң алдыма алып

келиңлер, – деп буйырды. Агагты
байлаўлы ҳалда Самуелдиң алды-
на алып келди. Ал Агаг ишинен:
«Өлим қәўпиниң шетлеп өткени
анық», – деп ойлады. 33 Бирақ Са-
муел оған:
– Қылышың аналарды балалары-
нан қалай айырған болса, сениң
анаң да ҳаяллар арасында баласы-
нан айырылсын, – деди де, Агагты
Гилгалда, Жаратқан Ийениң ал-
дында қылыш пенен шаўып тас-
лады.
34 Кейин Самуел Рамаға, ал Шаул
Гибадағы өз үйине қайтты. 35 Сол
күннен баслап өмириниң ақыры-
на шекем Самуел Шаулды қайтып
көрмеди. Бирақ оның ушын қайғы-
рып жүрди. Ал Жаратқан Ийе бол-
са, Шаулды Израилға патша етип
тайынлағанына пушайман еди.

## Даўыттың патшалыққа майланыўы

16 1 Жаратқан Ийе Самуелге:
– Шаулдың Израилға пат-
ша болыўынан Мени бас тартты
деп, қашанға шекем ол ушын қай-
ғырып жүресең? Май қуятуғын
шақыңды зәйтүн майына толты-
рып жолға шық. Сени бейтлеҳем-
ли Ишайдың үйине жиберемен.
Себеби Мен оның улларының би-
рин патша етиў ушын таңлап ал-
дым, – деди.
2 Самуел:
– Қалай бараман? Шаул буны
еситсе, мени өлтиреди-ғо, – деди.
Сонда Жаратқан Ийе былай деди:
– Өзиң менен бирге бир қашарды
ал да: «Жаратқан Ийеге қурбан-
лық бериў ушын келдим», – деп
айт. 3 Ишайды қурбанлық асына
мирәт ет. Сонда Мен саған не ис-
леўиң кереклигин билдиремен. Са-
ған көрсеткен адамымды майлап,
Мениң ушын патша етип қоясаң.
4 Самуел Жаратқан Ийениң айт-
қанын орынлап, Бейтлеҳем қала-
сына барды. Қала ақсақаллары оны
қорқыныш пенен күтип алып:
– Тынышлық па? – деп сорады.
5 Самуел оларға:
– Аўа, тынышлық. Жаратқан Ийе-
ге қурбанлық бериў ушын келдим.
Өзлериңизди пәклеп, мениң менен
бирге қурбанлық асына жүриң-
лер, – деди.
Соңынан ол Ишайды ҳәм оның
улларын пәклеў рәсиминен өтке-
рип, қурбанлық асына мирәт етти.
6 Ишай ҳәм оның уллары келгенде,
Самуел Элиабты көрип: «Ҳақый-
қаттан да, Жаратқан Ийениң ал-
дында турған мына адам – Оның
майлағаны», – деп ойлады.
7 Бирақ Жаратқан Ийе Самуел-
ге: «Оның шырайына, бойының
узынлығына қарама. Себеби Мен
оны мақул көрмедим. Мен адамлар
сыяқлы қарамайман. Адам сыртқы
көринисине қарайды, ал Мен жү-
рекке қарайман», – деди. 8 Ишай
улы Абинадабты шақырып, Са-
муелдиң алдынан өткерди. Бирақ
Самуел: «Жаратқан Ийе буны да
таңламады», – деди. 9 Кейин Ишай
үшинши улын, Шамманы алып
келди. Бирақ Самуел: «Жаратқан
Ийе буны да таңламады», – деди.
10 Солай етип, Ишай өзиниң жети
улын да Самуелдиң алдынан өт-
керди. Бирақ Самуел: «Жаратқан
Ийе булардың ҳеш бирин де таң-
лап алмады», – деди. 11 Соңынан
Самуел Ишайдан:

– Булар улларыңның ҳәммеси
ме? – деп сорады.
Ишай оған:
– Ең кишкенеси бар. Ол қой бағып
жүр, – деп жууап берди.
Самуел Ишайға:
– Биреуди жиберип, оны шақырт.
Ол келмегенше, аўқатқа отырмай-
мыз, – деди.
12 Ишай биреуди жиберип, улын
алдыртты. Ол қызыл жүзли, сым-
батлы болып, көзлери жанып тур-
ған еди. Жаратқан Ийе Самуелге:
«Орныңнан турып, оны майла. Таң-
лаған адамым усы болады», – деди.
13 Самуел зәйтүн майы қуйылған
шақты алып, ағаларының көз ал-
дында жигиттиң басына май қуй-
ды. Усы күннен баслап, Жаратқан
Ийениң Руўхы Даўытты бийлеп
алды. Соңынан Самуел Рамаға қай-
тып кетти.

## Даўыттың Шаулға хызмет етиўи

14 Сол арада Жаратқан Ийениң
Руўхы Шаулды тәрк етти. Жаратқан
Ийе жиберген жаман бир руўх оны
қыйнайтуғын еди. 15 Хызметшиле-
ри Шаулға:
– Қараң, Қудай жиберген жаман
руўх сизди қыйнап атыр. 16 Тақсыр,
хызметшилериңиз болған бизлер-
ге буйрық бериң. Бизлер лираны
жақсы шертетуғын биреўди та-
ўып келейик. Сонда Қудай жибер-
ген жаман руўх сизге келгенде, ол
адам лира шертеди ҳәм сиз жеңил
тартасыз, – деди.
17 Шаул хызметшилерине:
– Яқшы, лираны жақсы шерте-
туғын биреўди таўып, маған алып
келиңлер, – деп буйырды.
18 Сонда хызметшилерден бири:
– Бейтлеҳемли Ишайдың уллары-
ның бирин көрген едим. Ол лираны
жақсы шертеди екен. Буның үстине,
ол батыр жигит ҳәм жаўынгер адам
екен. Оның сөзлери мәнили, қәд-
ди-қәўмети де келискен. Жаратқан
Ийе де оның менен бирге, – деди.
19 Шаул Ишайға: «Қой бағып жүр-
ген улың Даўытты маған жибер», –
деп хабаршылар жөнетти. 20 Ишай
бир ешекке нан, бир мес шарап ҳәм
бир ылақты артып, Даўыт пенен
қоса Шаулға жиберди. 21 Даўыт
Шаулға барып, оның хызметине
кирди. Шаул Даўытты жүдә жақ-
сы көрди ҳәм оны өзине нөкер етип
алды. 22 Шаул Ишайға: «Даўыттың
хызметимде қалыўына рухсат бер.
Оған кеўлим толды», – деген хабар
жиберди.
23 Сол күннен баслап, Қудай жи-
берген жаман руўх Шаулға келген-
де, Даўыт лира шертетуғын еди.
Сонда Шаул өзине келип жақсы
болатуғын, жаман руўх та оны тәрк
ететуғын еди.

## Даўыттың Голиятты өлтириўи

17 1 Филистлер урысыў ушын
әскерлерин топлап, Яҳу-
даның Сохо қаласына жыйналды.
Олар Сохо менен Азеқа қаласы
аралығындағы Эфес-Даммим де-
ген жерге орда қурды. 2 Шаул ме-
нен израиллылар да топланды.
Олар Эла ойпатлығына орда қу-
рып, филистлерге қарсы саўашқа
таярланды. 3 Филистлер бир тө-
бешикти, ал израиллылар екинши
төбешикти ийеледи. Олардың ор-
тасында ойпатлық бар еди.

4 Филистлер сапынан гатлы Го-
лият деген күшли бир жаўынгер
ортаға шықты. Оның бойы алты
шығанақ ҳәм бир қарыс еди. 5 Ол
басына қоладан исленген дуўлы-
ға, үстине қоладан исленген саўыт
кийип алған болып, саўытының
аўырлығы шама менен бес мың
шекел еди. 6 Оның аяқлары қола
дизеқап пенен қапланып, жаўыры-
нына қола семсер асқан еди. 7 Сем-
сериниң сабы тоқыў үскенесиниң
қадасындай, ал семсериниң ушын-
дағы темирдиң аўырлығы алты
жүз шекел еди. Голияттың үлкен
қалқанын нөкери оның алдында
көтерип жүретуғын еди.

8 Голият турып, сапта турған из-
раиллыларға былай деп бақырды:

– Сизлер неге саўаш майданына
шықтыңыз? Мен филистпен, ал
сизлер Шаулдың қуллары емессиз-
лер ме? Маған қарсы шығыў ушын
араңыздан бирин таңлаң. 9 Егер ол
мениң менен урысып, мени өлтире
алса, онда бизлер сизлердиң қул-
ларыңыз боламыз. Егер мен үстин
келип, оны өлтире алсам, онда сиз-
лер бизлерге қул болып, бизлерге
хызмет қыласызлар.

10 Соңынан филист сөзин даўам
етип:

– Бүгин мен Израил әскерлериниң
шермендесин шығараман. Мениң
менен алысатуғын бир адамды ал-
дыма шығарың, – деди.

11 Филисттиң бул сөзлерин еси-
тип, Шаул да, израиллылар да қат-
ты қорқып, қәўетерге түсти.

12 Даўыт Яҳуданың Бейтлеҳем
қаласынан болған эфратлы Ишай
деген адамның улы еди. Ишай-
дың сегиз улы бар еди. Шаулдың
патшалығы дәўиринде Ишай
қартайып қалған болып, адам-
лар арасында ең жасы үлкени еди.
13 Ишайдың үлкен үш улы Шаул
менен бирге саўашқа кеткен еди.
Саўашқа кеткен улларының ең үл-
кениниң аты Элиаб, екиншиси-
ниң аты Абинадаб, үшиншисиниң
аты Шамма еди. 14 Даўыт ең генже
улы еди. Үлкен үш улы Шаулдың
жанында еди. 15 Ал Даўыт болса,
әкесиниң сүриўин бағыў ушын,
Шаулдың жанынан Бейтлеҳемге
қайтып келген еди.

16 Филист Голият қырық күн да-
ўамында азанлы-кеш ортаға шы-
ғып, урысыўға шақырды.

17 Бир күни Ишай улы Даўытқа
былай деди:

– Мына бир эфа қуўырмаш пенен
он шөрек нанды ал да, оларды те-
зирек ордаға, ағаларыңа апарып
бер. 18 Ал мына он бөлек иримтик-
ти болса, олардың мыңбасысына
бер. Ағаларыңның ҳал-жағдайын
бил ҳәм олардың жақсы екенин
билдиретуғын қандай да бир белги
алып кел. 19 Ағаларың, Шаул ҳәм
басқа барлық израиллылар менен
бирге Эла ойпатлығында филист-
лерге қарсы урысып атыр.

20 Ертеңине Даўыт азанда ерте
турды. Сүриўди бир шопанға қал-
дырып, Ишайдың буйрығы бойын-
ша азық-аўқатларды алды да, жолға
шықты. Ол ордаға жетип барғанда,
әскерлер сап тартып, сүрен салыўы
менен саўашқа шығып атырған еди.
21 Израиллылар менен филистлер
бир-бирине қарама-қарсы болып
сапқа дизилген еди. 22 Даўыт апар-
ған затларын жүклерди қараўыл-
лайтуғын адамға қалдырып, сапқа

қарай жуўырып кетти. Ол туўыс-
қанларының жанына барып, олар
менен сәлемлести. 23 Даўыт туўыс-
қанлары менен сөйлесип турғанда,
гатлы филист жаўынгери Голият өз
сапынан ортаға шығып, бурынғы
сөзлерин тәкирарлап бақыра бас-
лады. Даўыт буны еситти. 24 Изра-
иллылар Голиятты көргенде қатты
қорқып, оннан қаша баслады. 25 Из-
раиллылар бир-бирине: «Израил-
ды масқаралаў ушын ортаға шығып
турған мына адамды көрип тур-
сызлар ма? Оны өлтирген адамға
патшамыз үлкен байлық сыйлап,
қызын да бермекши. Ҳәтте, оның
әкесиниң хожалығын да Израил-
да салық төлеўден азат қылмақ-
шы», – деди.
26 Даўыт жанындағыларға:
– Бул филистти өлтирип, Изра-
илды шерменделиктен қутқарған
адамға не бериледи? Тири Қудай-
дың әскерлерин масқаралайту-
ғындай, бул сүннетсиз филист
ким болыпты? – деди. 27 Адамлар
бурынғы сөзлерди қайталап, Го-
лиятты өлтирген адамға нелер бе-
рилетуғынын айтып берди.
28 Даўыттың әскерлер менен сөй-
лескенин еситкенде, үлкен әжа-
ғасы Элиабтың ашыўы келди. Ол
Даўытқа:
– Бул жерге неге келдиң? Шөл-
деги азғантай қойымызды кимге
таслап кеттиң? Сениң қаншелли
менмен ҳәм қаншелли жаман ни-
йетли екениңди билемен. Сен тек
урысты тамашалаў ушын келген-
сең, – деди.
29 Даўыт оған:
– Мен не қылдым? Сораўға да бол-
май ма? – деди.
30 Ол әжағасының қасынан кетип,
басқа адамлардан да сол нәрселер-
ди сорады. Олар да бурынғыдай
жуўапты берди.
31 Даўыттың сөзлерин еситкенлер
оны Шаулға жеткизди. Шаул Да-
ўытты шақыртты. 32 Даўыт Шаулға:
– Мына филист себепли ҳеш
кимниң руўхы түспесин. Қулы-
ңыз болған мен барып, оның ме-
нен алысаман, – деди.
33 Шаул оған:
– Сен бул филистке қарсы шығып,
оның менен алыса алмайсаң. Себе-
би сен еле жассаң, ал ол болса, жас-
лығынан жаўынгер адам, – деди.
34 Бирақ Даўыт Шаулға былай
деди:
– Қулыңыз болған мен әкемниң
сүриўин бағаман. Арыслан ямаса
айыў келип, сүриўден бир қозыны
алып қашса, 35 изинен қуўып, оған
ҳүжим қыламан ҳәм қозыны аўзы-
нан алып қаламан. Егер арыслан
ямаса айыў маған тасланса, оның
жалынан услап алып, урып өлтире-
мен. 36 Қулыңыз болған мен арыс-
ланды да, айыўды да өлтиргенмен.
Мына сүннетсиз филисттиң басына
да сол күн туўады. Себеби ол ти-
ри Қудайдың әскерлерин масқа-
ралады. 37 Мени арысланның ҳәм
айыўдың пәнжесинен қутқарған
Жаратқан Ийе бул филисттиң қо-
лынан да қутқарады.
Сонда Шаул Даўытқа:
– Мейли бар, Жаратқан Ийе са-
ған яр болсын! – деди.
38 Шаул өзиниң саўаш кийимле-
рин Даўытқа берди. Басына қола
дуўлыға, үстине саўыт кийгиз-
ди. 39 Даўыт патшаның саўаш ки-
йимлериниң үстинен қылышын

да асынып жүрмекши болды. Бирақ ол буларға үйренбегенликтен, Шаулға:

– Мен бул кийимлер менен жүре алмайман, себеби үйренбегенмен, – деди де, оларды шешип таслады.

[40] Даўыт таяғын қолына алып, сайдан бес сыйпақ тас терип алды. Оларды шопан дорбасына салғаннан соң, сақпанын алды да, филист Голиятқа қарай жүрди.

[41] Филист те, оның алдында қалқанын көтерип жүрген нөкери де
Даўытқа қарай жүрди. [42] Голият
Даўытқа бастан-аяқ қарап шығып, оны менсинбеди. Себеби Даўыт қызыл жүзли, сымбатлы жас жигит еди.

[43] – Маған таяқ пенен шығатуғындай, мен не саған ийт пе едим? – деп, Голият өз қудайларының аты
менен Даўытты нәлетледи. [44] Соңынан:

– Берман кел, денеңди аспандағы қуслар менен қыр даладағы хайўанларға жем қылайын, – деди.

[45] Даўыт оған былай деди:

– Сен маған қылыш, найза ҳәм семсер менен қарсы шығып турсаң. Ал мен сен масқаралаған Израил әскерлериниң Қудайы, Әлемниң Жаратқан Ийесиниң аты менен
саған қарсы шығып турман. [46] Бүгин Жаратқан Ийе сени маған тәслим етеди. Сени өлтирип, басыңды денеңнен жуда қыламан. Бүгин филист әскерлериниң өликлерин көктеги қуслар менен жердеги хайўанларға жемтик қыламан. Сонда пүткил жер жүзи Израилда Қудай
бар екенин билип алады. [47] Бул
жердегилердиң ҳәммеси Жаратқан Ийениң қылыш ҳәм найза менен қутқармайтуғынын билип алады. Себеби бул урыста Жаратқан Ийениң Өзи урысады. Ол сизлерди бизлерге тәслим етеди.

[48] Голият тасланбақшы болып, Даўытқа қарай жүрди. Даўыт та оның менен алысыў ушын, филистлер сапына қарай тез жуўырып
кетти. [49] Даўыт қолын дорбасына
тығып, бир тасты алды да, сақпанына салып, атып жиберди. Тас филисттиң қақ маңлайын тесип кирди. Филист ет бетинен жерге
жығылды. [50] Солай етип, Даўыт
филист Голиятты сақпан ҳәм тас пенен жеңди. Қолында қылышы болмаса да, оны өлтирип, жерге
қулатты. [51] Соңынан Даўыт жу-
ўырып барып, филисттиң үстине минип турды. Оның семсерин қынынан суўырып алды да, оны өлтирип, басын кесип алды. Өзлериниң батыры болған Голияттың өлгенин көрген филистлер қаша
баслады. [52] Израил ҳәм Яҳуда әс-
керлери тура көтерилип, филистлерди Гаттың кирер аўзына ҳәм Экрон дәрўазаларына шекем қуўып барды. Шаарайымнан Гат ҳәм Экрон қалаларына баратуғын жолда филистлердиң өликлери жайрап
жатты. [53] Филистлерди қуўып бо-
лып қайтып келген израиллылар филистлердиң ордасын талан-та-
раж етти. [54] Даўыт филист Голи-
яттың басын алып, Ерусалимге әкелди, ал оның қурал-жарақларын өз шатырына қойды.

[55] Шаул Даўыттың Голият пенен алысыўға шыққанын көргенде, сәркәрда Абнерден: «Абнер, мына жас жигит кимниң баласы?» – деп сораған еди. Ал Абнер патшаға:

«Алдыңызда ант ишип айтаман:
патшам, мен билмеймен», – деп
жуўап берген еди. 56 Сонда патша
оған: «Бул жигиттиң кимниң улы
екенин бил», – деп буйырған еди.
57 Даўыт Голиятты өлтирип, ор-
даға қайтып келиўден-ақ, Абнер
оны ертип, Шаулға апарды. Голи-
яттың кесилген басын Даўыт еле
қолына услап жүрген еди. 58 Ша-
ул Даўыттан:
– Кимниң улысаң? – деп сорады.
Даўыт оған:
– Бейтлеҳемли қулыңыз Ишай-
дың улыман, – деп жуўап берди.

## Даўыт ҳәм Ионатан

**18** 1 Шаул менен Даўыттың
сөйлесиўи ақырына жет-
кенде, Шаулдың улы Ионатан
Даўытты унатып, оны жанындай
жақсы көрип қалды. 2 Сол күннен
баслап, Шаул Даўытты жанында
алып қалды. Оған әкесиниң үйи-
не қайтыўға рухсат бермеди. 3 Ио-
натан Даўытты жанындай жақсы
көргенликтен, оның менен дослық
келисимин дүзди. 4 Ионатан үс-
тиндеги шапанын шешип, оны Да-
ўытқа берди. Буған қоса саўытын,
қылышын, оқ жайын ҳәм белбе-
ўин де берди.
5 Шаул Даўытты қай жерге жи-
берсе де, ол табысқа еристи. Сон-
лықтан Шаул оған әскерий адамлар
үстинен жоқары лаўазымды берди.
Бул пүткил халыққа ҳәм Шаулдың
хызметшилерине унады.

## Шаулдың Даўытты қызғаныўы

6 Даўыт филист Голиятты өл-
тиргеннен соң, әскерлер үйлерине
қайтып баратырғанда, Израилдың
барлық қалаларынан келген ҳаял-
лар дәп ҳәм тарлы әсбапларды шер-
тип, қуўанышлы қосықлар айтты
ҳәм ойынға түсип, патша Шаулды
күтип алыўға шықты. 7 Олар ой-
нап жүрип:
«Шаул мыңлағанын,
Ал Даўыт он мыңлағанын
өлтирди», –
деп қосық айтты.
8 Бул сөзлер Шаулға аўыр батты.
Ол қатты ашыўланып: «Даўытқа он
мың адам, ал маған тек мың адам
берди. Енди оған тек патша болыў
ғана жетпей тур!» – деп ойлады.
9 Солай етип, сол күннен баслап,
Шаул Даўытқа қызғаныш пенен
қарай баслады.
10 Ертеңине Қудай жиберген жа-
ман руўх Шаулды бийлеп алды.
Шаул өз үйинде жинлене басла-
ды. Даўыт бурынғыдай лира шер-
тип отырды. Шаулдың қолында
бир найза бар еди. 11 Шаул өзинше:
«Даўытты урып, дийўалға қадап
қояйын», – деп ойлап, қолында-
ғы найзасын Даўытқа ылақтырып
жиберди. Бирақ Даўыт еки ретте де
қаймығып қалды.
12 Шаул Даўыттан қорқатуғын
еди. Өйткени Жаратқан Ийе Да-
ўыт пенен бирге болып, ал Шаул-
ды тәрк еткен еди. 13 Сонлықтан
Шаул Даўытты өзинен узақлас-
тырып, мыңбасы етип қойды. Да-
ўыт әскерлерге басшылық етти.
14 Жаратқан Ийе оның менен бирге
болғанлықтан, ол ҳәр бир исте та-
бысқа еристи. 15 Даўыттың үлкен
табысларын көргенде, Шаулдың
қорқынышы және де артып барды.
16 Пүткил Израил ҳәм Яҳуда халқы

Даўытты сүйетуғын еди. Себеби
Даўыт олардың алдында жүрип,
саўашқа шығатуғын еди.
17 Шаул Даўытқа:
– Мынаў мениң үлкен қызым Ме-
раб. Оны саған ҳаяллыққа бере-
мен. Тек маған мәртлерше хызмет
етип, Жаратқан Ийениң саўашла-
рын алып бар, – деди. Себеби ол:
«Даўыт мениң қолымнан емес, ал
филистлердиң қолынан өлсин», –
деп ойлайтуғын еди.
18 Даўыт Шаулға:
– Патшаға күйеў бала болату-
ғындай, мениң өзим, үй-ишим ҳәм
әкемниң тийреси Израилда ким
болыпты? – деди.
19 Деген менен, Шаулдың қызы
Мерабтың Даўытқа берилетуғын
ўақты келгенде, қыз мехолалы Ад-
риелге ҳаяллыққа берилди.
20 Сол арада Шаулдың басқа қызы
Михал Даўытты сүйип қалды. Бу-
ны еситкенде, Шаул қуўанып кетти.
21 Ол: «Даўытқа Михалды беремен.
Солай етип, Михал ол ушын дузақ
болады. Ал филистлер оны өлтире-
ди», – деп ойлады. Шаул Даўытқа:
– Ҳәзир маған күйеў бала бо-
лыўың ушын және бир мүмкин-
шилигиң бар, – деди. 22 Соңынан
хызметшилерине: «Патшаның сен-
нен кеўли тоқ, ҳәмме хызметши-
лери де сени жақсы көреди. Оған
күйеў бала болатуғын ўақтың кел-
ди», – деп Даўытқа жасырынша ай-
тыўды буйырды.
23 Шаулдың хызметшилери бул
сөзлерди Даўытқа жеткизди. Да-
ўыт оларға:
– Мендей кәмбағал ҳәм әпиўайы
адам ушын патшаға күйеў бала болыў
аңсат деп ойлайсызлар ма? – деди.
24 Хызметшилер Даўыттың
айтқанларын Шаулға жеткизди.
25 Сонда Шаул Даўытқа былай деп
айтыўды буйырды: «Патша өз душ-
панларынан өш алыў ушын, қалың
мал ретинде жүз филисттиң сүн-
нет терисинен басқа ҳеш нәрсени
қәлемейди». Шаул Даўыттың фи-
листлердиң қолына түсип өлиўин
режелестирген еди.
26 Хызметшилер Шаулдың айт-
қанларын Даўытқа жеткизди. Да-
ўыт патшаға күйеў бала болыўды
мақул көрди. Белгиленген күн бол-
мастан алдын, 27 Даўыт ҳәм оның
адамлары барып, еки жүз филист-
ти өлтирди. Патшаға күйеў бала
болыў ушын, Даўыт өлтирилген
филистлердиң сүннет терилери-
ниң бирде биреўин қалдырмастан
патшаға әкелип берди. Сонда Шаул
қызы Михалды Даўытқа ҳаяллық-
қа берди. 28 Шаул Жаратқан Ийе-
ниң Даўыт пенен бирге екенин ҳәм
қызы Михалдың оны сүйетуғынын
анық билди. 29 Сол себептен Шаул
Даўыттан және де қаттырақ қорқ-
ты ҳәм өмириниң ақырына шекем
оған душпан болып қалды.
30 Филист әскербасылары урысқа
шығыўын даўам етти. Ҳәр урыста
Даўыт Шаулдың басқа әскербасы-
ларына қарағанда көбирек табысқа
ерисетуғын еди. Сонлықтан Даўыт
үлкен даңққа бөленди.

### Шаулдың Даўытты өлтириўге ҳәрекет етиўи

19 1 Шаул улы Ионатанға ҳәм
барлық хызметшилерине
Даўытты өлтириўди буйырды. Би-
рақ Шаулдың улы Ионатан Даўыт-
ты жүдә жақсы көретуғын еди. 2 Ол

Даўытқа хабар жиберип: «Әкем
Шаул сени өлтирмекши. Ертең азан-
да сақ бол. Бир жерге жасырынып,
сол жерде отыр. 3 Ал мен сен жасы-
рынған атызға барып, әкемниң жа-
нында тураман ҳәм оның менен сен
туўралы сөйлесемен. Бир нәрсе бил-
сем, саған айтаман», – деди.
4 Ионатан әкеси Шаулға Даўыт-
ты мақтап былай деди:
– Патшам, өз қулың Даўытқа қар-
сы гүна ислеме. Себеби ол саған
қарсы ҳеш қандай гүна ислемеди
ҳәм ҳәр бир иси арқалы саған үлкен
пайда келтирди. 5 Ол жанын қәўип
астына қойып, филистти өлтирди.
Жаратқан Ийе пүткил Израилды
жеңиске еристирди. Сен де буны кө-
рип қуўандың. Солай екен, неге Да-
ўытты себепсиз өлтирип, жазықсыз
бир адамға наҳақлық ислеп атырсаң?
6 Шаул Ионатанның сөзлерине
қулақ салып:
– Тири Жаратқан Ийе ҳақы ант
ишемен, Даўыт өлтирилмейди, –
деди.
7 Ионатан Даўытты шақырып,
оған ҳәммесин айтып берди. Со-
ңынан Даўытты Шаулдың қасына
алып келди. Даўыт та алдынғыдай
патшаның хызметине кирди.
8 Саўаш және ҳәўиж алды. Даўыт
филистлерге қарсы урысқа шы-
ғып, оларға күшли соққы берди.
Филистлер Даўыттың алдына тү-
сип қашты.
9 Бир күни Шаул найзасын қолына
алып, үйинде отырған еди. Даўыт
та лира шертип отырған еди. Сол
ўақытта Жаратқан Ийе жиберген
жаман руўх Шаулды бийлеп алды.
10 Шаул найзасы менен Даўытты
дийўалға қадамақшы болды. Бирақ
Даўыт және қашып қалып, Шаул-
дың найзасы дийўалға қадалды. Сол
түни Даўыт қашып қутылды.
11 Даўытты гүзетип, ертеңине
азанда өлтириў ушын, Шаул Даўыт-
тың үйине хызметшилерин жибер-
ди. Бирақ ҳаялы Михал Даўытқа:
– Егер бүгин түнде қашып қутыл-
масаң, азанда сени өлтиреди, – деди.
12 Соңынан ол Даўытты терезеден
төменге түсирип жиберди. Солай
етип, Даўыт қашып қутылды. 13 Ми-
хал бут мүсинин алып, оны төсекке
жатқызды да, үстине көрпе жапты.
Ал бас бетине ешки жүнинен ислен-
ген көпшик қойды. 14 Шаул жиберген
хызметшилер Даўытты тутып алып
кетиўге келгенде, Михал оларға:
– Даўыт аўырып атыр, – деди.
15 Даўытты көрип келиў ушын
Шаул хызметшилерин және жи-
берип атырып: «Оны төсеги менен
усы жерге алып келиңлер, өлти-
рейин», – деп буйырды. 16 Шаул-
дың хызметшилери үйге киргенде,
төсекте басына ешки жүнинен
көпшик қойылған мүсинниң жа-
тырғанын көрди.
17 Шаул Михалдан:
– Неге мени алдап, душпанымды
қашырып жибердиң? – деп сорады.
Михал оған:
– Даўыт маған: «Егер мени боса-
тып жибермесең, өзиңди өлтире-
мен», – деди, – деп жуўап берди.

## Даўыттың Самуелдиң алдына барыўы

18 Қашып қутылған Даўыт Рамада
жасап атырған Самуелге барды ҳәм
Шаулдың өзине ислеген барлық
ислери туўралы айтып берди. Со-
ңынан Даўыт Самуел менен бирге

Найотқа барып, сол жерде қалды.
19 Даўыттың Раманың Найот деген
жеринде екенлиги ҳаққында хабар
Шаулға жетип барды. 20 Сонда Ша-
ул Даўытты услап келиў ушын хыз-
метшилерин сол жерге жиберди.
Олар Самуелдиң басшылығындағы
бир пайғамбарлар топарының өз-
геше аўҳалға түсип жүргенин көр-
ди. Сол ўақытта Қудайдың Руўхы
Шаулдың хызметшилерине де түс-
сип, олар да өзгеше аўҳалға түсип
қалды. 21 Шаул болып өткен ўа-
қыяны еситкенде, басқа хызмет-
шилерди жиберди. Олар да өзгеше
аўҳалға түсти. Шаулдың үшинши
рет жиберген хызметшилери де өз-
геше аўҳалға түсти. 22 Ақыры Ша-
улдың өзи Рама қаласына қарай
жолға шықты. Ол Сехудағы үлкен
суў сақлағышқа жеткенде:

– Самуел менен Даўыт қай жер-
де? – деп сорады.

Бир адам оған:

– Раманың Найот деген жерин-
де, – деп жуўап берди.

23 Шаул Рамадағы Найотқа бара-
тырғанда, оған да Қудайдың Руў-
хы түсти. Ол Найотқа барғанша,
жол бойы өзгеше аўҳалда болды.
24 Шаул кийимлерин шешип тасла-
ды ҳәм Самуелдиң алдында өзгеше
аўҳалға түсип қалып, пүткил күни
ҳәм түни бойы жалаңаш жатты.
Сонлықтан да, халықтың: «Шаул
да пайғамбарлар арасында ма?» –
деген сөзи усыннан қалған.

## Ионатанның Даўытқа жәрдем бериўи

**20** 1 Даўыт Раманың Найот
деген жеринен қашып,
Ионатанға барды. Даўыт оннан:

– Мен не қылдым? Айыбым не?
Мени өлтиретуғындай, әкеңе қар-
сы не гүна иследим? – деп сорады.

2 Ионатан оған:

– Ҳасла, сен өлмейсең. Қандай ис
болса да, әкем маған айтпай ҳеш
нәрсе ислемейди. Буны неге мен-
нен жасырар екен? Бундай нәрсе
болмайды, – деп жуўап берди.

3 Бирақ Даўыт оған:

– Сениң мени жақсы көретуғы-
нызды әкең жақсы биледи. Ол:
«Ионатан не ислейтуғынымды
билмесин. Билсе, қапа болады», –
деп ойлайды. Тири Жаратқан Ийе
ҳақы алдында ант ишип айтаман:
мен жар жағасында турман, – деди.

4 Ионатан Даўытқа:

– Тиле тилегиңди, сен ушын
орынлайман, – деди.

5 Даўыт Ионатанға былай деди:

– Минекей, ертең Жаңа ай бай-
рамы болады. Мен патша менен
бирге дастурханға отырыўым ке-
рек. Бирақ маған рухсат бер, мен
ертеңниң арғы күни кешке дейин
атызда жасырынып турайын. 6 Егер
әкең мениң жоқлығымды сезип
қалса, оған: «Даўыт асығыс түрде
өз қаласы Бейтлеҳемге кететуғын
болып, меннен жалынып рухсат
сорады. Ол жерде пүткил тийреси
жыллық қурбанлық береди екен», –
дерсең. 7 Егер әкең: «Яқшы», – десе,
онда мениң қәўип-қәтерден аман
болғаным. Егер ғәзеплесе, билип
қой, оның мени өлтириўди қарар
еткени. 8 Ал саған келсек, сен маған
жақсылық исле. Себеби Жаратқан
Ийениң алдында мениң менен ке-
лисим дүзгенсең. Егер айыплы бол-
сам, мени өзиң өлтир. Мени әкеңе
апарыўыңның не кереги бар?

[9] Ионатан Даўытқа:
– Саған ҳасла ондай болмайды. Егер әкемниң сени өлтириўди қарар еткенин билгенимде, саған айтпас па едим? – деди.
[10] Даўыт Ионатаннан:
– Егер әкең саған қатал жуўап берсе, оны маған ким хабарлайды? – деп сорады.
[11] Ионатан Даўытқа:
– Жүр атызға барайық, – деди де, олар екеўи атызға кетти.
[12] Ионатан сөзин даўам етип, Даўытқа былай деди:
– Израилдың Қудайы Жаратқан Ийе гүўа болсын! Ертең ямаса арғы күни усындай ўақытқа дейин әкемниң нийетин билип аламан. Егер әкемниң саған деген нийети жақсы
болса, саған хабар жиберемен. [13] Егер
әкем сени өлтириўди нийет еткен болса, ал мен сени хабардар етип, қәўипсиз кетиўиңди тәмийинлемесем, онда Жаратқан Ийе мени жазалаған үстине жазаласын. Жаратқан Ийе бурын мениң әкеме яр болғаны
сыяқлы, саған да яр болсын. [14] Бирақ сен көзимниң тирисинде маған Жаратқан Ийениң мийримин көрсет.
[15] Егер мен өлип қалсам, Жаратқан Ийе сениң барлық душпанларыңды жер бетинен жоқ қылып жиберсе де, сен мениң үй-ишимнен мәңгиге өз мийримиңди аяма.
[16] Солай етип, Ионатан Даўыттың нәсили менен келисим дүзип: «Жаратқан Ийе Даўыттың душпанларын жазаласын», – деди.
[17] Даўытқа деген сүйиспеншилиги себепли, Ионатан оған және бир мәрте ант иштирди. Өйткени Ионатан Даўытты жанындай жақсы көретуғын еди.
[18] Ионатан Даўытқа былай деди:
– Ертең Жаңа ай байрамы. Сениң жоқлығың билинеди, себеби
орның бос турады. [19] Арғы күни
кеште төмен түсип, тез бурын жасырынған жериңе бар да, Эзел
тасының жанында күтип тур. [20] Мен
бир нышанды гөзлегендей болып, тас бетке қарай үш рет оқ атаман.
[21] Соңынан хызметшиме: «Барып, оқларды таўып, алып кел», – деп буйыраман. Егер хызметшиме: «Қара, оқлар сениң арт жағыңда, оларды алып кел», – десем, онда сен мениң жаныма кел. Тири Жаратқан Ийе ҳақы ант ишемен: сен қәўип-қәтер
ден аўлақсаң. [22] Егер хызметшиме:
«Қара, оқлар алды бетиңде», – десем, сен кет. Өйткени Жаратқан Ийе сени узақларға жиберип атыр.
[23] Ал бир-биримизге берген антымызға келсек, Жаратқан Ийе бизлерге мәңгиге гүўа болсын.
[24] Солай етип, Даўыт атызға жасырынды. Жаңа ай байрамы басланғанда, патша Шаул дастурханға
отырды. [25] Ол әдеттегидей дийўал
жанындағы өз орнына отырды. Ионатан Шаулдың қарсы алдына*, Абнер оның қасындағы өз орнына отырды. Ал Даўыттың орны
бос қалды. [26] Бирақ Шаул сол күни
ҳеш нәрсе демеди. Ол: «Даўыттың қандай да бир жағдайы шығып, тазаланыў рәсимин орынлай алмай қалып, пәкленбеген шығар», – деп
ойлады. [27] Деген менен, ертеңине,
байрамның екинши күни де Даўыттың орны және бос турды. Сонда Шаул улы Ионатаннан:
– Ишайдың улы неге кеше де, бүгин де аўқатланыўға келмеди? – деп сорады.

28 Ионатан әкесине:
– Даўыт Бейтлеҳемге барыў ушын
меннен жалынып рухсат сораған
еди. 29 Ол маған: «Илтимас, маған
рухсат бер. Себеби тийремиз қала-
да қурбанлық бермекши еди. Әжа-
ғам маған сол жерде болыўымды
буйырған еди. Егер мақул көрсең,
барып, туўысқанларымды көрип
келейин», – деген еди. Сонлықтан
ол патша дастурханына келе алма-
ды, – деп жуўап берди.

30 Сонда Шаул ғәзепленип, Иона-
танға былай деп бақырды:
– Ҳәй сен, найсап! Ишайдың ба-
ласы менен дословсып алғаныңды
билмейди дейсең бе? Бул исиң ме-
нен өзиңди де, сени туўған анаң-
ды да уятқа қалдырып атырсаң.
31 Егер Ишайдың улы жер бетинде
тири турса, өзиң де, патшалығың
да сақланып қалмайды. Енди адам
жиберип, оны маған алып келтир.
Ол өлиўи тийис!

32 Ионатан әкесине:
– Ол не ушын өлиўи керек? Ол не
иследи, ақыры? – деди.

33 Бирақ Шаул Ионатанды өлтир-
мекши болып, оған қарай найза-
сын ылақтырып жиберди. Сонда
Ионатан әкесиниң Даўытты өлти-
риўге анық қарар қылғанын түсин-
ди. 34 Ионатан қатты ашыўланып,
дастурхан басынан турды. Ол ай-
дың екинши күни ҳеш дуз татпады.
Себеби әкесиниң Даўытты хорла-
ўы оны ҳәсиретке салды.

35 Ертеңине азанда Ионатан Да-
ўыт пенен көрисиў ушын атызға
кетти. Ол жанына бир жас баланы
алды. 36 Ионатан балаға:
– Жуўыр, мен атқан оқлар-
ды изле! – деди. Бала жуўырып
баратырғанда, Ионатан оның ал-
дына қарай бир оқ атты. 37 Бала Ио-
натанның атқан оғы түскен жерге
барғанда, Ионатан оған:
– Оқ алды бетинде! – деп бақыр-
ды. 38 Соңынан Ионатан және:
– Тез бол, жуўыр, тоқтап тур-
ма! – деп бақырды. Бала оқты алып,
мырзасына әкелип берди. 39 Бала
ҳеш нәрседен хабарсыз еди. Бул
истиң мәниси тек Ионатан менен
Даўытқа аян еди. 40 Ионатан қурал-
жарақларын балаға берип:
– Мыналарды қалаға апар, – деди.
41 Бала кетиўден-ақ, Даўыт тас-
тың қубла тәрепинен шығып келди
де, жүзи жерге тийгенше ийилип,
үш рет тәжим етти. Еки дос бир-
бирин сүйип жылады, бирақ Да-
ўыт қаттырақ жылады.

42 Ақырында Ионатан Даўытқа:
– Аман-есен жолыңа түс. Екеўи-
миз Жаратқан Ийениң аты менен
ант ишкенбиз. Жаратқан Ийе биз-
лердиң ҳәм урпақларымыздың ара-
сында мәңгиге гүўа болсын, – деди.

43 Соннан кейин, Даўыт өз жо-
лына түсти. Ал Ионатан қалаға
қайтты.

### Руўханий Ахимелехтиң Даўытқа жәрдем бериўи

**21** 1 Даўыт Ноб қаласындағы
руўханий Ахимелехтиң жа-
нына барды. Ахимелех Даўытты
күтип алып атырып:
– Неге жалғызсаң? Неге жаның-
да ҳеш ким жоқ? – деп қорқыныш
пенен сорады.

2 Даўыт оған былай деп жуўап
берди:
– Патша маған бир тапсырма бер-
ген еди. Ол маған: «Мениң сени

не ушын жибергенимди ҳәм саған
қандай тапсырма бергенимди ҳеш
ким билмесин», – деген еди. Сон-
лықтан адамларыма белгили бир
жерге барып турыўды буйырған
едим. 3 Ҳәзир жегендей нениз бар?
Маған бес нан ямаса жегендей бир
нәрсе бериң.
4 Руўханий оған:
– Әпиўайы нан жоқ. Егер адамла-
рыңыз ҳаяллардан өзлерин тыйған
болса, Қудайға арналған нан[a] бар, –
деп жуўап берди.
5 Даўыт оған:
– Әдетке гөре, жолға шыққаны-
мызда, адамларымыз өзлерин пәк
сақлап, ҳаял адамға жақынламай-
ды. Әсиресе, бүгин олар өзлерин
жүдә пәк тутты, – деди.
6 Соннан кейин, руўханий Да-
ўытқа мухаддес нан берди. Себе-
би ол жерде Қудайға усынылған
наннан басқа нан жоқ еди. Бул нан
Жаратқан Ийениң алдынан алын-
ған күни оның орнына ыссы нан
әкелип қойылды.
7 Сол күни Шаулдың хызметши-
лериниң бири Доег деген эдомлы
бас шопан Жаратқан Ийениң ал-
дында диний хызметин өтеў ушын
барып, сол жерде турған еди.
8 Даўыт Ахимелехке:
– Жаныңда қылыш ямаса най-
за жоқ па? Патшаның тапсырма-
сы асығыс болғанлықтан, жаныма
қылыш та, қурал-жарақ та алып
шықпаппан, – деди.
9 Руўханий оған:
– Эла ойпатлығында өзиң өл-
тирген филист Голияттың қылы-
шы бар. Эфодтың артында таўарға
ораўлы тур. Бул жерде басқа қурал
жоқ. Қәлесең, соны ал, – деди.
Даўыт оған:
– Оған тең келетуғыны жоқ, оны
маған бер, – деди.

### Даўыттың Гат патшасы Ахишке барыўы

10 Шаулдан қашқан Даўыт сол
күни Гат патшасы Ахишке барды.
11 Ахиштиң хызметшилери: «Бул
Израилдың патшасы Даўыт емес
пе? Адамлар усы адам ҳаққында:
„Шаул мыңлағанын,
Ал Даўыт он мыңлағанын
өлтирди“, –
деп аяқ ойынға түсип, қосық айт-
қан жоқ па еди?» – деди.
12 Бул сөзлер Даўытты терең
ойландырып, ол Гат патшасы
Ахиштен қатты қорқты. 13 Даўыт
олардың алдында өзиниң келбе-
тин өзгертип, өзин жинли етип
көрсетти ҳәм қала дәрўазаларын
тырмалап, силекейин сақалына
ағызып жүрди.
14 Ахиш хызметшилерине:
– Бул адамға қараңлар, ол нағыз
жинли-ғо. Оны неге маған алып
келдиңлер? 15 Өзимизде жинлилер
аздай, оны мениң алдымда жинли-
лик қылсын деп алып келдиңлер
ме? Бул адамның сарайыма кели-
ўи шәрт пе еди? – деди.

22 1 Соннан кейин, Даўыт
Гаттан шығып, Адуллам
үңгирине жасырынды. Ағалары
ҳәм әкесиниң үй-иши буны еситип,
Даўыттың жанына келди. 2 Қыйын
жағдайда қалған, қарызға батқан

---

a **21:4** Леб 24:5-9.

ҳәм өмирден түңилген адамлар-
дың ҳәммеси Даўыттың жанына
жыйналды. Саны төрт жүзге ша-
маласқан бул адамларға Даўыт же-
текшилик қылды.
[3] Даўыт сол жерден Моабтағы
Миспе қаласына барып, Моаб пат-
шасынан:
– Қудайдың маған не қылажағын
билип алғанымша, ата-анамның
сизиң қасыңызда қалыўына рух-
сат бериң, – деп өтиниш етти. [4] Со-
лай етип, Даўыт ата-анасын Моаб
патшасының жанына алып келди.
Даўыт бас panалап жүргенинде,
ата-анасы Моаб патшасының жа-
нында жасады. [5] Бирақ пайғамбар
Гад Даўытқа:
– Бул жерде қалма, Яҳуда жерине
кет, – деди. Соннан кейин, Даўыт
сол жерден кетип, Херет тоғайы-
на барды.

### Шаулдың Ноб қаласының руўханийлерин өлтириўи

[6] Сол арада Шаул Даўыт ҳәм
оның жанындағы адамлардың қай
жерде екенин билди. Сол ўақыт-
та патша найзасын қолына алып,
Гибада тамариск[a] терегиниң ас-
тында отырған еди. Әскерлери де
оның әтирапын қоршап турған еди.
[7] Сонда Шаул оларға былай деди:
– Ҳәй беняминлилер, мени тың-
лаңлар! Ишайдың улы ҳәр би-
риңизге егислик жерлерди ҳәм
жүзимзарларды береди дейсиз
бе? Ҳәр бириңизди мыңбасы яма-
са жүзбасы етип қояды дейсиз
бе? [8] Сол себепли ҳәммеңиз ма-
ған қарсы тил бириктирдиңиз бе?
Улымның Ишайдың улы менен ке-
лисим дүзгенин маған ҳеш ким ха-
барламады. Араңыздан маған жаны
ашыйтуғын бирде бир адам шықпа-
ды. Бүгингидей маған дузақ қурыў
ушын, улымның қулым Даўытты
қайрағанын маған билдирген адам
да болмады.
[9] Сол ўақытта Шаулдың әскер-
лериниң жанында турған эдом-
лы Доег:
– Ишайдың улы Даўыттың Ноб
қаласына Ахитубтың улы Ахиме-
лехтиң жанына барғанын көрдим.
[10] Ахимелех Даўыт ушын Жаратқан
Ийеден сорады. Оған азық-аўқат
та, филист Голияттың қылышын
да берди, – деди.
[11] Патша Шаул Ахитубтың улы
руўханий Ахимелехти ҳәм оның
әкесиниң әўладынан болған Нобта
жасайтуғын барлық руўханийлерди
шақырып келиў ушын адамларын
жиберди. Олардың ҳәммеси пат-
шаға келди. [12] Шаул Ахимелехке:
– Ҳәй Ахитуб улы, мени тыңла! –
деди.
– Ләббәй, тақсыр, – деп жуўап
берди Ахимелех.
[13] Шаул оған:
– Неге сен Ишайдың улы менен
бирге маған қарсы тил бириктир-
диң? Сен оған нан менен қылыш
бердиң ҳәм оның ушын Қудайдан
сорадың. Даўыт маған қарсы қоз-
ғалаң көтерип, дузақ қурды. Бул
бүгин анық көринип тур, – деди.
[14] Ахимелех Шаулға былай деп
жуўап берди:
– Пүткил хызметшилериңиз ара-
сында Даўыттай исенимли адам

---

[a] **22:6** *Тамариск* – жыңғылға уқсаған, бирақ оннан бийик ҳәм сулыў терек.

бар ма? Даўыт сизиң күйеў балаңыз, сақшыларыңыздың басшысы ҳәм хожалығыңыздағы ҳүрметли адамлардың бири. [15] Мени Даўыт ушын Қудайдан сораўды сол күни баслады дейсиз бе? Әлбетте, яқ! Тақсыр, қулыңыз болған мени ҳәм мениң әкемниң хожалығын айыпламаңыз. Себеби мен бул ис ҳаққында ҳеш нәрсе билмейтуғын едим.

[16] Бирақ Шаул оған:

– Ҳәй Ахимелех, өзиң де, әкеңниң пүткил хожалығы да сөзсиз өлесизлер, – деди. [17] Соңынан Шаул жанында турған сақшыларына:

– Қәнекей, Даўытты қоллаған Жаратқан Ийениң руўханийлерин өлтириңлер. Олар Даўыттың қашып кеткенин билсе де, маған хабар бермеди, – деди.

Деген менен, патшаның хызметшилери қол көтерип, Жаратқан Ийениң руўханийлерин өлтиргиси келмеди. [18] Сонда патша Доегке:

– Сен барып, руўханийлерди өлтир, – деп буйырды.

Сол күни эдомлы Доег барып, зығыр эфод кийген сексен бес руўханийди өлтирди. [19] Соңынан ол еркек, ҳаял, бала ямаса нәресте дементен, руўханийлер қаласы Нобтың халқын қылыштан өткизди. Және де, сыйырларды, ешеклерди ҳәм қойларды да шаўып таслады.

[20] Тек Ахитуб улы руўханий Ахимелехтиң улларының бири Абиятар ғана қутылып, Даўыттың жанына қашып кетти. [21] Абиятар Шаулдың Жаратқан Ийениң руўханийлерин өлтиргени туўралы Даўытқа айтып берди. [22] Даўыт Абиятарға былай деди:

– Сол күни ол жерде эдомлы Доегти көргенимде, оның Шаулға сөзсиз жеткизип баратуғынын билген едим. Әкеңниң хожалығындағы ҳәр бир жанның өлимине мен себепшимен. [23] Жанымда қал, қорқпа. Сени өлтирмекши болғанлар мени де өлтирмекши. Жанымда қалсаң, қәўипсиз боласаң, – деди.

### Даўыттың Кеила қаласын азат етиўи

23 [1] Даўытқа: «Филистлер Кеила қаласына ҳүжим жасап, қырманды талан-тараж қылып атыр», – деп хабарлады. [2] Даўыт Жаратқан Ийеден:

– Барып, сол филистлерге ҳүжим жасайын ба? – деп сорады.

Жаратқан Ийе оған:

– Бар да, филистлерге ҳүжим жасап, Кеиланы азат ет, – деди.

[3] Бирақ Даўыттың адамлары:

– Мине, бизлер бул жерде, Яҳудада жүрип қорқамыз. Солай екен, Кеилаға барып, филист әскерлерине қарсы қалай урысамыз? – деди.
[4] Сонда Даўыт Жаратқан Ийеден және сорағанда, Жаратқан Ийе оған:

– Турып, Кеилаға бар! Өйткени филистлерди саған Мен тәслим етежақпан, – деди.

[5] Солай етип, Даўыт адамлары менен Кеилаға барып, филистлерге қарсы урысты ҳәм олардың малларын қолға киргизди. Ол филистлерди күшли қырғынға ушыратып, Кеила халқын азат етти.

[6] Ахимелехтиң улы Абиятар қашып, Кеилада турған Даўыттың

жанына барғанда, эфодты[a] да өзи
менен бирге алып барған еди.

## Шаулдың Даўытты қуўдалаўын даўам етиўи

7 Шаул Даўыттың Кеила қаласы-
на барғанын еситип: «Қудай Да-
ўытты қолыма услап берди. Даўыт
дәрўазалары тәмбиленген бир қа-
лаға кирип, өзин өзи тутып бер-
ди», – деди. 8 Солай етип, Шаул
Кеилаға барып, Даўытты ҳәм оның
адамларын қамалға алыў ушын,
пүткил халықты саўашқа шақырды.
9 Даўыт Шаулдың өзине жаман-
лық қылыўды режелестиргенин
еситкенде, руўханий Абиятарға:
– Эфодты берман алып кел, – де-
ди. 10 Соңынан ол дуўа етип бы-
лай деди:
– Израилдың Қудайы Жаратқан
Ийе! Қулың болған мен себепли
Шаулдың Кеилаға келип, халқын
ўайран етпекши екенин еситтим.
11 Кеилалылар мени Шаулдың қолы-
на тутып бере ме? Қулыңның есит-
кениндей, Шаул усы жерге кележақ
па? Израилдың Қудайы Жаратқан
Ийе, жалбарынаман, қулыңа аян ет.
Жаратқан Ийе:
– Шаул келеди, – деп жуўап берди.
12 Даўыт Жаратқан Ийеден:
– Кеила халқы мени ҳәм адамла-
рымды Шаулдың қолына тутып
бере ме? – деп сорады.
– Тутып береди, – деп жуўап бер-
ди Жаратқан Ийе.
13 Сонда Даўыт ҳәм оның жанын-
дағы алты жүздей адам Кеиладан
кетип, ҳәр жерде орын өзгертип
жүре берди. Даўыттың Кеиладан
қашып кеткенин еситкен Шаул ол
жерге барыў пикиринен қайтты.

## Даўыт Зиф шөлинде

14 Даўыт шөлдеги адам бара ал-
майтуғын жерлерде, Зиф шөлиниң
таўлы бөлегинде жасап жүрди. Шаул
Даўытты ҳәр күни излесе де, Қудай
Даўытты оның қолына тутып бер-
меди. 15 Даўыт Зиф шөлинде, Хореш
тоғайында жүргенде, Шаулдың өзин
өлтириў ушын жолға шыққанын би-
лип қалды. 16 Сол арада Шаулдың
улы Ионатан Хореште жасап турған
Даўытқа барды ҳәм оны Қудайдың
аты менен руўхландырып, оған:
17 – Қорқпа, сен әкем Шаулдың
қолына түспейсең. Сен Израилға
патша боласаң, ал мен сениң жәр-
демшиң боламан. Әкем Шаул да бу-
ны биледи, – деди. 18 Кейин екеўи
Жаратқан Ийениң алдында өзле-
риниң арасындағы келисимди жа-
ңалады. Соңынан Ионатан үйине
қайтты, ал Даўыт Хореште қалды.
19 Зифлилер Гибаға барып, Ша-
улға былай деп хабарлады:
– Даўыт бизлерде, Ешимонның
қубласында, Хахила төбешигинде-
ги Хорештиң адам бара алмайту-
ғын жерлеринде жасырынып жүр.
20 Тақсыр, қәлеген ўақытта келе бе-
риң. Даўытты сизге тутып бериўди
бизлерге қойып бериң.
21 Шаул оларға былай деди:
– Маған жаныңыз ашығаны ушын
Жаратқан Ийе сизлерди жарыл-
қасын! 22 Барып, және бир мәрте
тексерип шығың. Даўыттың қай
жерлерде жасырынып жүргенин,
сол жерде оны кимлердиң көргенин

---

a **23:6** *Эфод* – сөзликке қараң.

жақсылап билип алыңлар. Себеби
халық оны жүдә ҳийлекер демекте.
23 Оның жасырынатуғын жерлери-
ниң ҳәммесин билип алып, маған
анық хабар алып келиңлер. Сонда
мен де сизлер менен бирге бараман.
Егер Даўыт сол үлкеде болса, оны
пүткил Яҳуданың тийрелери ара-
сынан излеп табаман.

24 Солай етип, зифлилер жолға
түсип, Шаулдан алдын Зифке кел-
ди. Сол ўақытта Даўыт ҳәм оның
адамлары Ешимонның қубласын-
дағы даланлықта, Маон шөлинде
еди. 25 Шаул адамлары менен Да-
ўытты излеўге шықты. Даўыт Ша-
улдың киятырғанын еситип, Маон
шөлиндеги жартасларға барып жа-
сырынды. Шаул буны еситип, Да-
ўыттың изинен Маон шөлине кетти.

26 Шаул таўдың бир тәрепинен,
Даўыт пенен оның адамлары таў-
дың екинши тәрепинен алға қа-
рай жүрди. Даўыт Шаулдан қашып
қутылыўға асықты. Ал Шаул ҳәм
оның адамлары болса, Даўытты
ҳәм оның адамларын қолға түсириў
ушын, қоршай баслады. 27 Сол ўа-
қытта бир хабаршы келип, Шаулға:

– Тез жүриң! Филистлер елимизге
ҳүжим жасап атыр, – деди. 28 Сонда
Шаул Даўытты қуўыўын тоқтатып,
филистлер менен урысыўға кетти.
Сонлықтан сол жерге Села-Ҳам-
махлеқот[a] деген ат берилди.

### Даўыттың Шаулдың жанын сақлап қалыўы

**24** 1 Даўыт сол жерден ке-
тип, Эн-Гедий үлкесиндеги
адам бара алмайтуғын жерлерде
жасырынып жүрди. 2 Шаул филист-
лер менен болған урыстан қайтып
келгенде, Даўыттың Эн-Гедий шө-
линде жүргенинен хабар тапты.
3 Шаул Даўытты ҳәм оның адамла-
рын «Таў ешкиси» жартаслығынан
излеў ушын, пүткил Израилдан үш
мың ағла әскер алып, жолға шықты.

4 Жол жийегинде қой қорасы бо-
лып, оның жанында бир үңгир бар
еди. Шаул майданлаў ушын үң-
гирге кирди. Ал сол үңгирдиң ең
түпкиринде Даўыт пенен оның
адамлары отырған еди. 5 Адамла-
ры Даўытқа:

– Жаратқан Ийе саған: «Душпан-
ларыңа қәлегениңди ислей алы-
ўың ушын, оларды саған тәслим
етемен», – деген еди. Мине, бүгин
сол күн келди, – деди.

Сонда Даўыт орнынан турып, бил-
дирмей Шаулдың шапанының шал-
ғайынан кесип алды. 6 Бирақ Даўыт
кейин ала Шаулдың шалғайынан
кесип алғаны ушын, өзин айыплы
сезди. 7 Даўыт өз адамларына:

– Тақсырыма, Жаратқан Ийениң
майлаған адамына қол көтерип,
оған бир нәрсе ислеўден Жаратқан
Ийениң Өзи сақласын! Себеби ол
Жаратқан Ийениң майлаған ада-
мы, – деди. 8 Даўыт усы сөзлери
менен адамларына тыйым салып,
Шаулға қол тийгизиўге рухсат бер-
меди. Ал Шаул үңгирден шығып,
жолға түсти. 9 Даўыт та Шаулдың
изинше үңгирден шығып:

– Тақсыр! – деп бақырды. Ша-
ул артына қарағанда, Даўыт ет

---

a **23:28** *Села-Ҳаммахлеқот* – «ажыралыў жартасы» деген мәнисти билдири-
ўи мүмкин.

бетинен жерге жығылып, оған тә-
жим етти. 10 Соңынан ол Шаулға
былай деди:
– «Даўыт саған жаманлық қыла-
жақ», – дегенлердиң сөзлерине неге
қулақ саласыз? 11 Бүгин Жаратқан
Ийениң сизди қолыма тутып берге-
нин көзиңиз бенен көрип турыпсыз.
Базылар мениң сизди өлтириўимди
қәлеген еди. Бирақ мениң сизге жа-
ным ашып: «Тақсырыма қол тий-
гизбеймен, өйткени ол Жаратқан
Ийениң майлаған адамы», – дедим.
12 Ҳәй әке, минекей, шапаныңыз-
дың шалғайынан кесип алынған
қолымдағы мына қыйындыға қа-
раң! Мен сизиң шапаныңыздың
шалғайынан кесип алдым, бирақ
сизди өлтирмедим. Буннан кеў-
лимде жаманлықтың ҳәм зулым-
лықтың жоқ екенин билип алың.
Мен сизге жаманлық қылмасам да,
сиз мени өлтирмекши болып атыр-
сыз. 13 Жаратқан Ийе арамызда
төрелик етсин ҳәм мениң өшимди
сизден Ол алсын. Бирақ мен сизге
қол көтермеймен. 14 Ата-бабала-
рымыз: «Жаманлық жаман адам-
лардан шығады», – дегени сыяқлы,
мен сизге қол көтермеймен. 15 Из-
раил патшасы кимге қарсы шықты?
Сиз кимди қуўдалап атырсыз? Өл-
ген итти ямаса бир бүргени емес
пе? 16 Жаратқан Ийе бизлерге қазы-
лық етип, қай биримиздиң ҳақ еке-
нимизди шешип берсин. Жаратқан
Ийе даўымды қарап шықсын ҳәм
мени жақлап, сизиң қолыңыздан
қутқарсын.
17 Даўыт сөзин тамамлағанда,
Шаул оған:
– Даўыт, улым! Бул сениң даўы-
сың ба? – деп сорады ҳәм өкирип
жылай баслады. 18 Соңынан ол бы-
лай деди:
– Сен маған қарағанда әдилирек-
сең. Мен саған жаманлық ислe-
сем де, сен маған жақсылық пенен
жуўап бердиң. 19 Бүгин сен маған
жақсы қатнаста екенлигиңди дә-
лилледиң. Жаратқан Ийе мени
қолыңа тутып берсе де, мени өл-
тирмедиң. 20 Душпанын тутып
алған қайсы бир адам оны аман
жибереди? Бүгин маған ислеген
жақсылығың ушын, Жаратқан
Ийе саған жақсылық сыйласын!
21 Енди мен сениң сөзсиз патша
болатуғыныңды билдим. Израил
патшалығы сениң қолыңда бек-
кем болады. 22 Енди меннен кейин
урпақларымды жоқ қылмайтуғы-
ныңды, әкемниң хожалығынан
атымды өширмейтуғыныңды ай-
тып, Жаратқан Ийе ҳақы ант иш.
23 Даўыт Шаулға ант берди. Сон-
нан кейин, Шаул үйине қайтты, ал
Даўыт ҳәм оның адамлары панала-
ған жерлерине кетти.

### Самуелдиң өлими

**25** 1 Сол арада Самуел дүнья-
дан өтти. Пүткил Израил
халқы жыйналып, оған жоқлаў ай-
тып жылап, оны Рамадағы өз үйи-
не жерледи.
Буннан соң, Даўыт Паран шөли-
не кетти.

### Даўыт, Набал ҳәм Абигайыл

2 Маон қаласында жүдә бай бир
адам бар еди. Оның жер ийелиги
Кармел қаласында болып, үш мың
қойы ҳәм мың ешкиси бар еди. Ол
сол ўақытта Кармелде қойлары-
ның жүнин қырқып атырған еди.

[3] Бул адам Калеб урпағынан бо-
лып, аты Набал, ҳаялының аты
Абигайыл еди. Ҳаялы ақыллы ҳәм
сулыў, ал күйеўи турпайы ҳәм жа-
ўыз адам еди.
[4] Даўыт шөлде жүргенде, Набал-
дың қойларын қырқып атырғанын
еситти. [5] Сонда Даўыт он жигитти
Набалға жиберип атырып, оларға
былай деп буйырды:
– Кармелдеги Набалға барыңлар,
оған меннен сәлем айтып, [6] былай
деңлер: «Өмириңиз узақ болсын!
Сизге, үй-ишиңизге ҳәм өзиңизге
тийислиниң ҳәммесине аманлық
болсын! [7] Ҳәзир қойларыңызды
қырқып атырғаныңызды есит-
тим. Шопанларыңыз бизлер ме-
нен бирге болғанда, оларды қапа
қылмадық. Кармелде болған ўа-
қытта ҳеш нәрсеси де жоғалма-
ды. [8] Хызметшилериңизден сорап
көрсеңиз, олар сизге айтып береди.
Сонлықтан адамларымды жыллы
жүзлилик пенен қарсы алсаңыз.
Себеби сизге байрам күни келип
турмыз. Өтиниш, қулларыңызға
ҳәм улыңыз Даўытқа қолыңызда
барынан берсеңиз».
[9] Даўыттың адамлары барып, бул
сөзлерди Даўыттың атынан На-
балға жеткизип болып, жуўап кү-
те баслады. [10] Бирақ Набал оларға
мына жуўапты қайтарды: «Даўыт
деген ким өзи? Ишайдың улы ким
болыпты? Усы күнлери хожайын-
ларынан қашып жүрген қуллар кө-
бейип кетти. [11] Мен не қой қырқып
атырған адамларыма арнап қойған
нанымды, суўымды ҳәм сойған ма-
лымның гөшин қаяқтан келгени
белгисиз бир адамларға бериўим
керек пе?»
[12] Даўыттың адамлары келген
жолы менен қайтып кетти. Олар
Набалдың айтқанларының ҳәм-
месин Даўытқа жеткизди. [13] Даўыт
адамларына:
– Ҳәмме қылышларыңызды асы-
ныңлар! – деп буйырды. Даўыт та,
адамлары да қылышларын асынып
алды. Төрт жүзге жақын адам Да-
ўыт пенен бирге кетти, ал еки жүз
адам қурал-сайманлар жанында
қалды.
[14] Сол арада Набалдың хызмет-
шилеринен бири оның ҳаялы Аби-
гайылға мынадай хабар жеткизди:
«Даўыт мырзамыз Набалға шөлден
өз хабаршыларын жиберип, сәлем
жоллаған еди. Бирақ Набал олар-
ға турпайы қатнаста болды. [15] Ал
ол адамлар болса, бизлерге жүдә
жақсы қатнаста болған еди. Олар
бизлерди ренжитпеди. Жайлаўда
олар менен бирге болған ўақты-
мызда, ҳеш нәрсемиз жоғалмады.
[16] Олардың қасларында қой баққа-
нымызда, олар бизлерди күни-тү-
ни қорғап жүретуғын еди. [17] Енди
не ислеў кереклигин жақсылап ой-
лап көриң. Өйткени мырзамыздың
ҳәм оның пүткил үй-ишиниң басы-
на апат дөнип тур. Мырзамыз сон-
шелли зулым болғанлықтан, ҳеш
бир адам оған бир аўыз сөз айта
алмайды».
[18] Сонда Абигайыл ўақытты бос
жибермей, еки жүз нан, еки мес
шарап, бес қойдың гөшин, бес сеа[a]
қуўырмаш, нығызланған кишмиш-
тен жүз дана ҳәм кептирип

---

[a] **25:18** *Бес сеа* – бир сеа шама менен 7,5 л.

ныгызланған әнжирден еки жүз дана алып, оларды ешеклерге артты.
19 Соңынан ҳаял хызметшилерине:
– Сизлер мениң алдымнан жүриңлер, мен сизлердиң изиңизден бараман, – деди. Бирақ ол күйеўи Набалға ҳеш нәрсе айтпады.
20 Абигайыл ешекке минип, таўдың соқпақ жоллары арқалы төменге түсип киятырғанда, өзине қарсы киятырған Даўытты ҳәм
оның адамларын ушыратты. 21 Даўыт адамларына мына сөзлерди айтып атырған екен: «Бул адамның шөлдеги мал-мүлкин бийкарға қорыған екенмен. Оның ҳеш бир нәрсеси жойтылып кетпеди. Ал ол болса, жақсылығыма жаманлық пенен жуўап қайтарды. 22 Егер
азанға шекем Набалға тийисли еркек затынан биреўин тири қалдырсам, Қудай мени жазалаған үстине жазаласын*»
23 Абигайыл Даўытты көриўден дәрҳал ешектен түсти де, Даўыттың алдында ет бетинен жерге жығылып, тәжим етти. 24 Оның
аяқларына бас урып, былай деп жалбарынды:
– Мырзам, айыпты мен, жалғыз мен мойныма аламан. Шорыңыз болған маған бир аўыз сөз айтыўға рухсат етиң. Айтқанларыма қулақ
салың. 25 Жалбарынаман, мырзам, сол Набал деген оңбаған адамға итибар бермеңиз. Аты ақылсыз дегенди билдиреди, сол сыяқлы өзи де ақылсыздың бири. Тилекке қарсы шорыңыз болған мен мырзам, сизиң жиберген адамларыңызды
көрмей қалдым. 26 Енди, мырзам,
Жаратқан Ийе сизди қан төгиўден, өз қолыңыз бенен өш алыўдан сақлап қалды. Тири Жаратқан Ийе ҳақы алдыңызда ант ишип айтаман: душпанларыңыздың ҳәм сизге жаманлық тилейтуғынлардың ҳәммесиниң басына Набалдың басына
түсетуғын күн түссин. 27 Мырзам,
сизге алып келген мына сыйларымды изиңизге ерген адамларға
берсеңиз. 28 Шорыңыздың гүнасын
кешириң. Жаратқан Ийе, әлбетте, урпағыңызды беккем қылады. Себеби мырзам, сиз Жаратқан Ийениң урысларын алып барып атырсыз. Өмириңиздиң ақырына шекем сизде ҳеш бир наҳақлық
болмасын. 29 Егер биреў сизди өлтириў ушын қуўып жүрсе, Қудайыңыз Жаратқан Ийе өмириңизди Өз панасында асырайды. Ол душпанларыңызды сақпаннан атылған тастай етип ылақтырып таслай-
ды. 30 Жаратқан Ийе сизге ўәде
еткен ийгиликлериниң ҳәммесин орынлап, сизди Израилға ҳүкимдар
етип қояды. 31 Сонда өзим ушын
өш алып, жөнсиз қан төктим деп азап шегип, пушайман болмайсыз. Жаратқан Ийе мырзама табыс бергенде, өз шорыңызды еске алың.
32 Даўыт Абигайылға былай деди:
– Бүгин сени маған ушырастырған Израилдың Қудайы Жаратқан
Ийеге алғыслар болсын! 33 Берекет тапқайсаң! Жақсы ақыл берип, бүгин мени қан төгиўден ҳәм өз қолым менен өшимди алыўдан сақлап қалғаның ушын жарылқаў
алғайсаң. 34 Саған жаманлық қылыўдан сақлап қалған Израилдың Қудайы, тири Жаратқан Ийе ҳақы ант ишемен: егер сен мени ушыратыў ушын, асығыслық пенен жолға шықпағаныңда, таң атқанша,

Набалға тийисли ер адамлардың
биреўи де тири қалмаған болар еди.
35 Даўыт Абигайылдың сыйла-
рын қабыл етип:
– Аман-есен үйиңе қайт. Сөзлери-
ңе қулақ салып, тилегиңди қабыл
еттим, – деди.
36 Абигайыл Набалдың жанына
қайтып келгенде, Набал үйинде
патшалық зыяпаттай етип зыяпат
берип атырған екен. Ол жүдә мәс
болып, кеўли көтериңки еди. Сон-
лықтан азанға шекем Абигайыл
оған ҳеш нәрсе айтпады. 37 Ертеңи-
не азанда Набал өзине келгеннен
соң, ҳаялы оған болған ўақыя-
ларды айтып берди. Сол ўақытта-
ақ Набалдың жүреги музлап, ләң
болып қалды. 38 Онлаған күннен
кейин, Жаратқан Ийе Набалды
жазалап, оны өлтирди.
39 Даўыт Набалдың өлгенин есит-
кенде: «Мени масқаралаған Набал-
ға қарсы даўымды қарап шығып,
қулын жаманлық ислеўден сақлап
қалған Жаратқан Ийеге алғыслар
болсын! Жаратқан Ийе оның жа-
манлығын өзине қайтарды», – деди.
Соңынан Даўыт Абигайылға үй-
ленбекшилигин билдириў ушын
адам жиберди. 40 Даўыттың адам-
лары Кармелдеги Абигайылға ба-
рып:
– Даўыт саған үйленбекши. Соны
билдириў ушын бизлерди жибер-
ди, – деди. 41 Абигайыл маңлайы
жерге тийгенше ийилип:
– Мине, мен, ҳәтте, Даўыттың
хызметшилериниң шорысы болыў-
ға да таярман, – деди. 42 Абигайыл
тез орнынан турды да, ешекке мин-
ди. Қасына бес шорысын алып, Да-
ўыттың хабаршыларының изинен
жолға түсти. Соңынан ол Даўыт-
тың ҳаялы болды.
43 Даўыт изреелли Ахиноамға үй-
ленген еди. Солай етип, Даўыттың
еки ҳаялы болды. 44 Сол арада Ша-
ул қызы Михалды, яғный Даўыт-
тың ҳаялын галлимли Лайыштың
улы Палтийге берип жиберген еди.

### Даўыттың Шаулдың жанын және сақлап қалыўы

**26** 1 Зифлилер Гибаға, Шаул-
ға келип:
– Даўыт Ешимонға қарама-қарсы
жайласқан Хахила төбешигинде
жасырынып жүр, – деди. 2 Шаул
Израилдың үш мың ағла әскерин
алып, Зиф шөлине Даўытты излеў
ушын шықты. 3 Олар Ешимонға
қарама-қарсы жайласқан Хахила
төбешигиндеги жол бойына орда
қурды. Шөлде жүрген Даўыт Шаул-
дың өзин излеп, сол жерге келгенин
билгенде, 4 тыңшылар жиберди.
Солай етип, ол Шаулдың сол жерге
келгенин анық билип алды.
5 Сонлықтан Даўыт Шаулдың
орда қурған жерине барып, Шаул
менен сәркәрда Нер улы Абнер-
диң қай жерде жатырғанын көр-
ди. Шаул орданың ортасында, ал
әскерлер оның әтирапында жа-
тырған екен.
6 Сол ўақытта Даўыт хет хал-
қынан болған Ахимелехтен ҳәм
Иоабтың әжағасы Серуяның улы
Абишайдан:
– Ким мениң менен бирге ордаға,
Шаулдың жанына барады? – деп
сорады.
Абишай:
– Сениң менен мен бараман, – деп
жуўап берди.

[7] Даўыт пенен Абишай сол күни
кеште ордаға кирди. Шаул найза-
сын бас ушына жерге шаншып қо-
йып, орданың ортасында уйықлап
атырған еди. Абнер менен әскер-
лер де оның әтирапында уйықлап
атырған еди.
[8] Сонда Абишай Даўытқа:
– Бүгин Қудай душпаныңды қо-
лыңа тутып берди. Енди рухсат
бер, оны найза менен бир урғанда
жерге қадап қояйын. Екинши рет
урыўыма ҳәжет қалмайды, – деди.
[9] Бирақ Даўыт оған былай деди:
– Яқ, оны өлтирме. Жаратқан
Ийениң майлаған адамына қол
көтерген адам жазасыз қалмай-
ды. [10] Тири Жаратқан Ийе ҳақы
ант ишемен: Шаулды Жаратқан
Ийениң Өзи өлтиреди. Ол я өмири
таўысылып өледи, я урыста өледи.
[11] Бирақ Жаратқан Ийениң майла-
ған адамына қарсы қол көтериўден
Жаратқан Ийениң Өзи сақласын!
Оның бас ушындағы найзасы ме-
нен гүзесин алайық та, кетейик.
[12] Солай етип, Даўыт Шаулдың
бас ушындағы найзасы менен гү-
зесин алды да, сол жерден кетип
қалды. Оларды ҳеш ким көрмеди.
Болып өткен ўақыяны ҳеш ким
билмеди, ҳеш ким оянбады да.
Олардың ҳәммеси қатты уйықлап
атырған еди. Өйткени Жаратқан
Ийе оларға терең уйқы берген еди.
[13] Даўыт арғы тәрепке өтип, уза-
ғырақтағы бир төбешикке шығып
турды. Олардың арасы әдеўир қа-
шық еди. [14] Даўыт әскерлерге ҳәм
Нер улы Абнерге:
– Ҳәй Абнер, маған жуўап бер, –
деди.
Абнер оған:
– Бақырып, патшаның тынышын
алатуғындай сен кимсең? – деди.
[15] Даўыт оған былай деп жуўап
берди:
– Сен еркек емессең бе? Израил-
да саған тең келетуғыны бар ма?
Солай екен, неге патшаңды қор-
ғамадың? Себеби биреў оны өл-
тириў ушын ордаға кирди. [16] Сен
өз хызметиңди жақсы орынлама-
дың. Тири Жаратқан Ийе ҳақы ант
ишемен: ҳәммеңиз өлимге ыла-
йықлысыз. Өйткени тақсырыңыз-
ды, Жаратқан Ийениң майлаған
адамын қорғамадыңыз. Қарап көр,
патшаның бас ушындағы найзасы
менен гүзеси қаяқта?
[17] Даўыттың даўысын таныған
Шаул:
– Даўыт, улым, бул сениң даўы-
сың ба? – деп сорады.
Даўыт оған былай деп жуўап бер-
ди:
– Аўа, тақсыр, мениң даўысым.
[18] Тақсыр, қулыңызды неге қуўда-
лай бересиз? Мен не қылдым? Жа-
зығым не? [19] Тақсыр! Қулыңыздың
сөзине қулақ салсаңыз. Егер сизди
маған қарсы қайраған Жаратқан
Ийе болса, онда бир қурбанлық бе-
рип, Оны тынышландырың. Егер
бул исти адамлар ислеген болса,
олар Жаратқан Ийениң ғарғысы-
на ушырасын. Өйткени олар: «Кет,
басқа қудайларға хызмет ет», – деп,
Жаратқан Ийениң жеринен, мениң
үлесиме тийген жерден мени қу-
ўып жиберди. [20] Қаным Жаратқан
Ийеден узақ жерлерде төгилмесин.
Израил патшасы таўларда кеклик
аўлаған аңшы сыяқлы, бир бүрге-
ни аўлаўға шығыпты.
[21] Сонда Шаул:

– Гүна иследим. Даўыт, улым, изи-
ңе қайт. Бүгин мениң жанымды
қәдирли көргениң ушын, буннан
былай, саған ҳеш бир жаманлық
ислемеймен. Мен ақылсызлық пе-
нен ис тутып, жүдә үлкен қәтеге
жол қойдым, – деди.
22 Даўыт оған былай деди:
– Мине, патшаның найзасы.
Адамларыңыздан бири келип, оны
алсын. 23 Жаратқан Ийе ҳәр бир
адамның әдиллигине ҳәм садық-
лығына қарай сый береди. Бүгин
Жаратқан Ийе сизди қолыма тутып
берсе де, мен Жаратқан Ийениң
майлаған адамына қол көтергим
келмеди. 24 Бүгин сизиң өмири-
ңиз маған қәдирли болғанындай,
Жаратқан Ийе де мениң өмирим-
ди қәдирли көрсин ҳәм мени ҳәр
қандай бәледен қутқарсын.
25 Шаул Даўытқа:
– Даўыт, улым, сени Жаратқан
Ийе жарылқасын! Сен сөзсиз уллы
servicios ислер ислейсең ҳәм жеңиске ери-
сесең, – деди.

Буннан кейин, Даўыт өз жолына
түсти, ал Шаул болса, үйине қайт-
ты.

### Даўыт филистлер арасында

27 1 Даўыт ишинен: «Бир күни
Шаулдың қолынан өлип
кетермен. Жақсысы, тезирек фи-
листлердиң жерине қашып кетейин.
Сонда Шаул Израилдың ҳәр жери-
нен мени излегенди қояр, мен де
оннан қутыларман», – деп ойлады.
2 Усылайынша Даўыт ҳәм оның
жанындағы алты жүз адам жол-
ға шығып, Гат патшасы Маох улы
Ахиштиң тәрепине өтип кетти.
3 Олар хожалығындағылар менен
бирге Гат қаласына, Ахиштиң жа-
нына орналасты. Даўыттың еки
ҳаялы: изреелли Ахиноам ҳәм кар-
мелли Набалдың жесири Абига-
йыл да оның жанында еди. 4 Шаул
Даўыттың Гатқа қашып кеткенин
еситкенде, енди оны излеўден ўаз
кешти.
5 Даўыт Ахишке:
– Егер мақул көрсеңиз, әтирап-
тағы қалалардың биринен маған
бир жер берилсин, мен сол жерде
жасайын. Себеби қулыңыз болған
маған сизиң қасыңызда, патшаның
қаласында жасаўдың неге кереги
бар? – деди.
6 Ахиш сол күни Даўытқа Сиклаг
қаласын берди. Сол себептен Сик-
лаг ҳәзирге дейин Яҳуда патшала-
рына тийисли қала болып қалды.
7 Даўыт филистлер елинде бир жыл
төрт ай жасады.
8 Сол ўақыт ишинде Даўыт ҳәм
оның адамлары гешур, гизер ҳәм
амалек халықларына шабыўыл жа-
сады. Бул халықлар узақ ўақытлар-
дан бери Шурға, ҳәтте, Мысырға
шекем созылған жерлерде жасай-
туғын еди. 9 Даўыт қай жерге шабы-
ўыл жасаса да, еркекти де, ҳаялды
да, ҳеш кимди тири қалдырмай,
тек олардың қойларын, өгизлерин,
ешеклерин, түйелерин ҳәм кийим-
кеншеклерин алып, патша Ахишке
қайтып келетуғын еди.
10 Егер Ахиш Даўыттан: «Бүгин
қай жерлерге шабыўыл жасады-
ңыз?» – деп сораса, Даўыт оған:
«Яҳуданың қубла тәрепине, Ерах-
меел тийресиниң ҳәм кенлердиң
қубла тәрепине шабыўыл жаса-
дық», – деп жуўап беретуғын еди.
11 Даўыт ҳеш бир адамның Гатқа

келип: «Даўыт олай исследи ямаса
Даўыт булай исследи», – деп айт-
паўы ушын, еркекти де, ҳаялды да,
ҳеш кимди тири қалдырмайтуғын
еди. Даўыт филистлердиң елин-
де жасаған ўақтының ҳәммесинде
усылай исследи.
12 Ахиш Даўытқа исенип: «Даўыт
өз халқы болған израиллыларға
жек көринишли болды. Буннан бы-
лай, ол мәңгиге мениң хызметимде
болады», – деп ойлады.

28 1 Сол күнлери филистлер
Израил менен урысыў ушын
әскерлерин топлады. Ахиш Даўытқа:
– Билип қой, сен адамларың ме-
нен бирге мениң жанымда урыса-
саң, – деди.
2 Даўыт оған:
– Сол ўақытта сиз де қулыңыздың
нелер қылатуғынын көресиз, – деп
жуўап берди.
Ахиш оған:
– Яқшы, онда мен сени бир өмирге
өзимниң тән сақшым етип тайын-
лайман, – деди.

### Шаулдың әрўақ шақырыўшы ҳаялға барыўы

3 Самуел өлгенде, пүткил Израил
халқы оған жоқлаў айтып жылап,
оны өз қаласы Рамаға жерлеген
еди. Ал Шаул болса, әрўақларды
ҳәм руўхларды шақыратуғынларды
елден қуўып жиберген еди.
4 Филистлер топланып, Шунемге
келди ҳәм сол жерге орда қурды. Ша-
ул да пүткил израиллыларды топлап,
Гилбоа таўына орда қурды. 5 Шаул
филист әскерлерин көргенде қорқып
кетип, жүрегин қорқыныш бийлеп
алды. 6 Ол Жаратқан Ийеден сораса
да, Жаратқан Ийе оған түс арқалы
да, Урим[a] арқалы да, пайғамбарлар
арқалы да жуўап бермеди. 7 Сонлық-
тан Шаул хызметшилерине:
– Маған әрўақ шақыратуғын бир
ҳаялды таўып келиң. Оған барып,
мәсләҳәт сорайын, – деп буйырды.
Хызметшилери оған:
– Эн-Дорда әрўақ шақыратуғын
бир ҳаял бар, – деди.
8 Шаул кийимин алмастырып,
сыртқы көринисин өзгертти де, жа-
нына еки адамды алып, түнде сол
ҳаялға келди. Шаул ҳаялға:
– Өтинемен, мен ушын әрўақлар-
дан сорап, мен айтқан адамның әр-
ўағын шақырып бер, – деди.
9 Бирақ ҳаял:
– Шаулдың нелер ислегенин,
әрўақларды ҳәм руўхларды ша-
қыратуғынларды елден қуўып жи-
бергенин билесең. Солай екен, неге
мени өлтириў ушын дузақ қойып
атырсаң? – деди.
10 Шаул оған:
– Тири Жаратқан Ийе ҳақы ант
ишемен, бул истен саған ҳеш қан-
дай зыян келмейди, – деди.
11 Сонда ҳаял Шаулдан:
– Саған кимди шақырып бере-
йин? – деп сорады.
Шаул оған:
– Маған Самуелди шақырып бер, –
деди.
12 Ҳаял Самуелди көргенде, да-
ўысының барынша бақырып жи-
берип, Шаулға:

---

a **28:6** *Урим* – бул Қудайдың еркин билиў ушын арналған тас болып, оны шек таслаў жолы менен қолланған болыўы мүмкин.

– Сиз Шаулсыз-ғо, неге мени ал-
дадыңыз? – деди.
13 Патша оған:
– Қорқпа, не көрип турсаң? – деди.
Ҳаял оған:
– Жердиң астынан шығып кия-
тырған бир әрўақты көрип тур-
ман, – деп жуўап берди.
14 Шаул ҳаялдан:
– Оның көриниси қандай? – деп
сорады.
Ҳаял оған:
– Үстине шапан кийген бир ғар-
ры адам жоқарыға шығып кия-
тыр, – деди.
Сонда Шаул оның Самуел екенин
билди де, ет бетинен жерге жығы-
лып, тәжим етти.
15 Самуел Шаулға:
– Неге мени шақырып, тынышым-
ды алдың? – деди.
Шаул оған:
– Мен жүдә қыйналып атырман.
Филистлер маған қарсы урыспақ-
та. Қудай да мени таслап кетти.
Ол маған пайғамбарлар арқалы да,
түслерим арқалы да жуўап бермей
қойды. Сонлықтан не ислеўим ке-
реклигин билдириўиң ушын, сени
шақыртқан едим, – деди.
16 Самуел оған былай деп жуўап
берди:
– Жаратқан Ийе сени таслап ке-
тип, саған душпан болған болса,
енди неге меннен сорап турсаң?
17 Жаратқан Ийе мен арқалы айт-
қанларын жүзеге асырды. Ол пат-
шалықты сеннен тартып алып, оны
жанындағы адамға, яғный Даўыт-
қа берди. 18 Өйткени сен Жаратқан
Ийениң буйрығына бойсынбадың,
Оның лаўлаған ғәзебин амалеклерге
шашпадың. Сонлықтан Жаратқан
Ийе бүгин бул нәрселерди сениң ба-
сыңа салды. 19 Жаратқан Ийе сени
де, Израил халқын да филистлерге
тәслим етеди. Ертең сен ҳәм сениң
улларың мениң жанымда боласыз-
лар. Жаратқан Ийе Израил орда-
сын да филистлерге тәслим етеди.
20 Шаул Самуелдиң сөзлеринен
қатты қорқып кетип, бирден гүрс
етип жерге қулады. Бир күн ҳәм бир
түн дуз татпағанлықтан, оның дима-
ры да қалмаған еди. 21 Ҳаял Шаул-
ға жақынлап келди де, оның қатты
қорқып кеткенин көрип былай деди:
– Минекей, шорыңыз болған мен
гәпиңизге қулақ астым. Жанымды
қәтерге қойып, тилегиңизди орын-
ладым. 22 Енди өтинемен, сиз де
шорыңыз болған мениң сөзлерим-
ди тыңлаң. Сизге азғантай аўқат
алып келиўге рухсат бериң. Жолы-
ңызды даўам етиўге дәрман болыў
ушын, аўқатланып алыңыз.
23 Бирақ Шаул:
– Жемеймен, – деп бас тартты.
Деген менен, хызметшилери де,
ҳаял да зорлай бергеннен кейин,
Шаул олардың айтқанын иследи.
Ол жатқан жеринен турып, төсек-
ке отырды. 24 Ҳаялдың қорасында
бағып отырған бир жас баспағы
бар еди. Ҳаял оны дәрриў сойды,
қамыр ийлеп, ашытқысыз нан пи-
сирди. 25 Соңынан оларды Шаул
ҳәм оның хызметшилериниң ал-
дына қойды. Олар ишип-жеп бо-
лып, сол күни түнде кетип қалды.

**Филистлердиң**
**Даўытқа исенбеўи**

**29** 1 Филистлер пүткил әс-
керлерин Афекке топлады.
Израиллылар болса, Изреелдеги

булақтың жанына орда қурып, жайласып алған еди. 2 Филист ҳүкимдарлары жүз ҳәм мың адамлық топарлар менен баратырған еди. Даўыт ҳәм оның адамлары патша Ахиш пенен бирге изде киятырған еди. 3 Филист әскербасылары:

– Мына еврейлер бул жерде не қылып жүр? – деп сорағанда, Ахиш оларға:

– Бул адам Израил патшасы Шаулдың хызметшиси Даўыт болады. Бир жылдан аслам ўақыттан бери, ол мениң жанымда жүр. Мен тәрепке өткеннен бери, оннан бирде бир жаманлық көрмедим, – деп жуўап берди.

4 Бирақ филист әскербасылары Ахишке ашыўланып былай деди:

– Бул адамды изине қайтарып жибер. Ол сен белгилеп берген жерге қайтсын. Бизлер менен урысқа бармасын, болмаса саўаш ўақтында бизге қарсы шығыўы мүмкин. Ол алдынғы мырзасына өзин қалай жақсы көрсете алады? Оған адамларымыздың басын алып барыўдан басқа жақсы жол бар ма? 5 Олардың ойынға түсип:

«Шаул мыңлағанын,
Ал Даўыт он мыңлағанын
өлтирди», –

деп усы Даўыт ҳаққында қосық айтып жүрген жоқ па еди?

6 Сонда Ахиш Даўытты шақырып алып былай деди:

– Тири Жаратқан Ийе ҳақы ант ишемен: сен ҳақ адамсаң. Мениң менен бирге урысқа барыўыңды қәлер едим. Сен жаныма келген күннен бери, ҳеш бир жаман ис ислегениңди көрмедим. Бирақ сен филист ҳүкимдарларына жақпадың. 7 Енди аман-есен изиңе қайта бер. Және филист ҳүкимдарларына жақпайтуғын ис ислеп қойма.

8 Даўыт Ахишке:

– Бирақ мен не қылдым? Жаныңызға келгеннен баслап, ҳәзирге дейин меннен қандай айып таптыңыз? Тақсыр, не ушын мен барып, сизиң душпанларыңызға қарсы урыса алмайман? – деди.

9 Ахиш оған былай деди:

– Билемен, сен мениң нәзеримде Қудайдың периштеси сыяқлы жақсысаң. Деген менен, филист әскербасылары сени: «Бизлер менен урысқа бармасын», – деп атыр. 10 Енди сен ҳәм сениң менен бирге келген мырзаң Шаулдың қуллары азанда ерте турып, таң атар-атпастан кетиңлер.

11 Солай етип, Даўыт ҳәм оның адамлары филистлердиң жерине қайтыў ушын, азанда ерте турды. Ал филистлер болса, Израелге кетти.

## Даўыттың амалеклерди жеңиўи

**30** 1 Даўыт ҳәм оның адамлары үшинши күни Сиклаг қаласына жетип келди. Сол арада амалеклер Негебке ҳәм Сиклагқа шабыўыл жасап, Сиклагты өртеп жиберген еди. 2 Олар ҳеш кимди өлтирмей, тек ҳаялларды ҳәм сол жерде болған кишкенесинен үлкенине дейингиниң ҳәммесин тутқын етип, өзлери менен бирге алып кеткен еди.

3 Даўыт адамлары менен ол жерге жетип барғанда, қаланың өртеп жиберилгенин, ҳаяллары, уллары ҳәм қызларының тутқынға алынғанын

билди. [4] Олар ҳалдан тайғанша, дад
салып жылады. [5] Даўыттың еки ҳа-
ялы, изреелли Ахиноам ҳәм кар-
мелли Набалдың жесири Абигайыл
да тутқын етилген еди. [6] Даўыт
қыйын жағдайда қалды. Себеби
ҳәр бир адам уллары ҳәм қызла-
ры ушын қайғырып: «Даўытты тас
боран қылып өлтиремиз», – дести.
Бирақ Даўыт өз Қудайы Жаратқан
Ийеден күш алды. [7] Ол Ахимелех
улы руўханий Абиятарға:
– Маған эфодты алып кел, – деди.
Абиятар эфодты алып келди. [8] Да-
ўыт Жаратқан Ийеден:
– Бул басқыншыларды қуўып бар-
сам, оларға жете аламан ба? – деп
сорады.
Жаратқан Ийе оған:
– Изинен қуў, әлбетте, оларға же-
тип алып, тутқынларды азат ете-
сең, – деп жуўап берди.
[9] Солай етип, Даўыт жанындағы
алты жүз адам менен жолға шығып,
Бесор сайының жағасына келди.
Олардың ҳалдан тайғанлары сол
жерде қалды. [10] Ал Даўыттың өзи
төрт жүз адам менен басқыншы-
ларды қуўыўды даўам етти. Сайды
кесип өтиўге шамасы келмеген еки
жүз адам сол жерде қалды.
[11] Олар қыр даладан бир мысыр-
лыны таўып алып, Даўыттың ал-
дына алып келди. Оған ишиўге суў
ҳәм жеўге азық берди. [12] Және де,
оған кептирип нығызланған бир
бөлек әнжир менен еки бөлек киш-
миш берди. Сол адам жеп, ҳәлле-
нип алды. Ол үш күн, үш түн дуз
татпаған ҳәм суў да ишпеген еди.
[13] Даўыт оннан:
– Сен кимниң қулысаң? Қай жер-
денсең? – деп сорады.
Жигит былай деп жуўап берди:
– Мен мысырлыман, бир амалек-
тиң қулы едим. Үш күн бурын наў-
қасланып қалғанлығым себепли,
хожайыным мени таслап кетти.
[14] Бизлер керетлердиң қубла ше-
гарасына, яғный Яҳуда жерлерине
ҳәм Калебтиң қубла тәрепине ша-
быўыл жасадық. Ал Сиклаг қала-
сын өртеп жибердик.
[15] Даўыт оннан:
– Мени сол басқыншыларға алып
бара аласаң ба? – деп сорады.
Жигит оған:
– Мени өлтирмейтуғыныңыз-
ды ҳәм хожайынымның қолына
тапсырмайтуғыныңызды айтып,
Қудай ҳақы ант ишсеңиз, мен сиз-
ди сол басқыншыларға алып бара-
ман, – деп жуўап берди.
[16] Солай етип, мысырлы Даўытқа
жол көрсетип кетти. Басқыншылар
дөгерекке жайылып, филистлердиң
жеринен ҳәм Яҳудадан басып алған
үлкен олжаларынан ишип-жеп мәс-
лик қурып атырған еди. [17] Даўыт
ертеңине таң азаннан күн батқанға
дейин оларды қырды. Басқыншы-
лардың түйелерге минип қашқан
төрт жүз жигитинен басқа бир-
де биреўи қутылып кете алмады.
[18] Даўыт амалеклер алып кеткен
нәрселердиң ҳәммесин, сондай-ақ
өзиниң еки ҳаялын да қутқарды.
[19] Жаслар, ғаррылар, уллар, қыз-
лар, олжаланған маллар, қулласы,
амалеклердиң алып кеткенлери-
нен ҳеш бири жоғалмады. Даўыт
ҳәммесин қайтарып алды. [20] Ол
пүткил қой ҳәм қара малларды да
алды. Даўыттың адамлары олар-
ды өз малларының алдына салып,

айдап баратырып: «Бул Даўыттың
олжасы», – деп айтатуғын еди.
21 Соннан соң, Даўыт изине ериў-
ге ҳаллары келмей, Бесор сайының
жағасында қалған еки жүз адам-
ның жанына барды. Олар да Да-
ўытты ҳәм оның жанындағыларды
күтип алыўға шықты. Даўыт жа-
қынласып, олар менен аманласты.
22 Бирақ Даўыт пенен кеткен жаман
ҳәм оңбаған адамлардың ҳәммеси:
– Булар бизлер менен бирге бар-
мағанлықтан, олжаға алынған нәр-
селерден оларға пай бермеймиз.
Ҳәр бири тек өз ҳаялын ҳәм бала-
ларын алып кетсин, – деди.
23 Бирақ Даўыт оларға былай деди:
– Яқ, туўысқанларым! Жаратқан
Ийениң бизге бергенлерине булай
ислемеңлер. Ол бизлерди қорғады
ҳәм бизлерге шабыўыл жасаған бас-
қыншыларды қолымызға тутып бер-
ди. 24 Сизлердиң бул сөзлериңизди
ким қабыл етеди? Саўашқа барған-
лар менен жүклердиң қасында қал-
ғанлардың пайы теңдей болады. Ҳәр
бир нәрсе теңдей бөлип бериледи.
25 Сол күннен баслап, Даўыт бу-
ны Израил ушын дәстүрге айлан-
дырып, қағыйда етип бекитти. Ол
ҳәзирге дейин сақланып келмекте.
26 Даўыт Сиклагқа қайтып кел-
геннен соң, дослары болған Яҳу-
да ақсақалларына: «Мине, бул
Жаратқан Ийениң душпанлары-
нан алынған олжалардан сизлерге
саўға», – деп алынған олжалардан
берип жиберди. 27 Ол саўғаларды
Бейт-Эл, Негебтеги Рамот, Яттир,
28 Ароер, Сифмот, Эштемоа, 29 ҳәм
Рахалда болғанларға, Ерахмеел
тийресиниң ҳәм кенлердиң қала-
ларында болғанларға, 30 Хорма,
Бор-Ашан, Атах 31 ҳәм Хебронда
болғанларға, сондай-ақ, өзи адам-
лары менен бирге гезген барлық
жердегилерге жиберди.

### Шаулдың ҳәм оның улларының өлими

31
1 Сол ўақытта филистлер
израиллылар менен уры-
сып атырған еди. Израиллылар
филистлердиң алдына түсип қа-
шып, көпшилиги Гилбоа таўында
набыт болды. 2 Филистлер Шаул
менен оның улларының изине тү-
сип, Шаулдың уллары Ионатанды,
Абинадабты ҳәм Малкий-Шуаны
өлтирди. 3 Шаулдың әтирапында
саўаш ҳәўиж алған еди. Сонда са-
дақшылар тәрепинен атылған оқ
Шаулға тийип, ол аўыр жарақат-
ланды. 4 Шаул өз нөкерине:
– Қылышыңды қынабынан су-
ўырып ал да, мени өлтир. Болма-
са, мына сүннетсизлер келеди де,
қылышын суғып, мени хорлайды, –
деди. Бирақ нөкери қатты қорқып,
буны ислемеди. Сонлықтан Ша-
ул қылышын қынынан суўырып
алып, өзин қылыштың үстине тас-
лады. 5 Нөкери Шаулдың өлгенин
көргенде, ол да қылышының үсти-
не өзин таслап, Шаул менен бирге
өлди. 6 Солай етип, Шаул, оның үш
улы, нөкери ҳәм пүткил адамлары
бир күнде қаза тапты.
7 Ойпатлықтың арғы тәрепинде
ҳәм Иордан дәрьясының аржағын-
да жасайтуғын израиллылар Изра-
ил әскерлериниң қашып, Шаул ҳәм
оның улларының өлгенин көргенде
қалаларын таслап, қаша баслады.
Филистлер келип, сол қалаларға
орналасып алды.

8 Ертеңине филистлер өлгенлерди тонаў ушын келгенде, Гилбоа таўында Шаулдың ҳәм оның үш улының өлигин тапты.
9 Олар Шаулдың басын кесип алды ҳәм қурал-жарақларын талан-тараж қылды. Соңынан бул хабарды бутханаларына ҳәм халқына жеткериў ушын, филистлердиң жерлериниң ҳәммесине хабаршылар жиберди.
10 Шаулдың қурал-жарағын қудайы Аштартаның бутханасына қойды, ал денесин Бейт-Шан қаласының дийўалына асып қойды.

11 Ябеш-Гилад халқы филистлердиң Шаулға ислеген ислери туўралы еситкенде,
12 олардың барлық мәрт жаўынгерлери түни менен жол жүрип, Бейт-Шанға барды. Олар Шаулдың ҳәм оның улларының денелерин Бейт-Шан дийўалларынан түсирип алып, Ябешке алып келди ҳәм сол жерде жағып жиберди.
13 Соңынан сүйеклерин жыйнап алып, Ябештеги тамариск ағашының астына көмди ҳәм жети күн ораза тутып, азалады.

# Патшалар туўралы екинши китап

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Бул китаптың көп бөлими патша Даўыттың ҳүкимдарлығы дәўиринде жүз берген ўақыялардан ибарат. Китапта патша Даўыттың ерискен жеңислери, әмелге асырған ийгиликли ислери, қылған гүналары ҳәм сол гүналардың ақыбетлери ҳаққында сөз етиледи. Қудайға қулақ салыўшылық берекет алып келетуғынын, бойсынбаўшылық болса жаза ҳәм апат алып келетуғынын патша Даўыттың өмиринде анық көремиз.

Патша Шаулдың өлиминен соң, Яҳуда урыўы Даўытты өзлерине патша етип тайынлайды. Қалған барлық Израил урыўлары болса Шаул улы Иш-Бошетти өзлерине патша қылып қояды. Даўыт пенен Иш-Бошеттиң арасында жети жыл урыс болады. Ақыры, Даўыт барлық Израил ҳәм Яҳуда еллерин бириктирип, патша болады.

Даўыт Ерусалим қаласын ебус халқынан тартып алып, өз патшалығының жаңа пайтахты қылады ҳәм Келисим сандығын усы жерге алып келеди. Ол Қудайға арнап Ибадатхана қурыўды нийет қылып, ол жерди Келисим сандығы сақланатуғын бир орын қылмақшы болады. Бирақ Қудай Даўытқа буннан да жоқары иззет көрсетпекши болады. Ол Даўытқа: «Мен сен ушын бир шаңарақ тиклеймен, атыңды мәртебели қыламан, сен қудиретли ҳүкимдар боласаң, сениң әўладың мәңги патша болады», – деп ўәде береди. Кейин ала Даўыттың улы Сулайман Қудайға арнап Ибадатхана қурады.

Даўыт Израилдың душпанларын жеңилиске ушыратады ҳәм күшли патшалықтың ҳүкимдары болады. Соған қарамай, ол гүнаға қол урады. Бул гүнаның ақыбетинде Қудай Даўытқа аўыр апат жаўдырады. Бул апаттың көпшилиги өз шаңарағы ишинде жүз береди.

Даўыт минсиз болмаса да, Қудайға садық болып, жалғыз Оған сыйынады. Соның ушын, Қудай Даўытқа мийримин түсирип, патшалық тахтын мәңги беккем қылатуғынын айтып, ўәде береди ҳәм оның нәсилин беккемлейди.

## Даўыттың Шаулдың өлими туўралы еситиўи

**1** 1 Шаул патша қаза тапқан еди.
Сол арада Даўыт амалеклер үс-
тинен жеңиске ерисип, Сиклаг қа-
ласына қайтып келди ҳәм ол жерде
еки күн қалды. 2 Үшинши күни Ша-
улдың ордасынан қайғысының бел-
гиси ретинде кийимлерин жыртып,
басына топырақ шашқан бир адам
келди. Ол Даўытқа жақынласқан-
нан жерге жығылып, оған тәжим
етти. 3 Даўыт оннан:
– Қай жерден киятырсаң? – деп
сорады.
Сол адам Даўытқа:
– Израил ордасынан қашып қу-
тылдым, – деп жуўап берди.
4 Даўыт оған:
– Не болды? Маған айтып бер, –
деди.
Сол адам Даўытқа:
– Әскерлер саўаш майданынан қа-
шып кетти. Олардың көпшилиги
қырылып қалды. Солардың ишин-
де Шаул менен оның улы Ионатан
да өлди, – деди.
5 Сонда Даўыт хабаршы жигиттен:
– Шаулдың ҳәм оның улы Иона-
танның өлгенин қаяқтан билесең? –
деп сорады.
6 Жигит Даўытқа былай деп жу-
ўап берди:
– Тосаттан Гилбоа таўына ба-
рып қалдым. Қарасам, ол жерде
Шаул найзасына сүйенип тур-
ған екен. Ал душпанның саўаш
арбалары менен арбакешлери
болса, оған жақынласып кия-
тырған екен. 7 Сонда Шаул арты-
на бурылып, мени көрип қалды
да, қасына шақырды. Мен оған:
«Ләббәй», – дедим. 8 Ол меннен:
«Сен кимсең?» – деп сорады. Мен
оған: «Мен бир амалекпен», – деп
жуўап бердим. 9 Шаул маған: «Бер-
ман келип, мени өлтир. Себеби
жаным шықпай, қыйналып атыр-
ман», – деди. 10 Мен жанына барып,
оны өлтирдим. Өйткени аўыр жа-
рақатланып қулағаннан кейин, ти-
ри қалмайтуғынын билген едим.
Мен оның басындағы тажы менен
қолына тағылған шынжырын ал-
дым ҳәм оларды усы жерге, мыр-
зам, сизге алып келдим.
11 Буны еситкен Даўыт ҳәм оның
жанындағылар қайғыдан кийим-
лерин жыртты. 12 Олар қылыштан
қаза тапқан Шаул, оның улы Иона-
тан ҳәм Жаратқан Ийениң халқы
болған израиллылар ушын кешке
шекем жоқлаў айтып жылап, ора-
за тутты.
13 Даўыт өзине хабар алып кел-
ген жигиттен:
– Қай жерлисең? – деп сорады.
Жигит оған:
– Мен бир келгинди амалектиң
улыман, – деп жуўап берди.
14 Сонда Даўыт оған:
– Жаратқан Ийениң майлаған
адамына қол көтерип, оны өлти-
риўге қорқпадың ба? – деди. 15 Со-
ңынан Даўыт адамларынан бирин
шақырып:
– Бар, оны өлтир! – деп буйырды.
Солай етип, сол адам амалек жи-
гитти өлтирди.
16 Даўыт амалек жигитке:
– Өз басыңа өзиң жеттиң. Өйтке-
ни: «Жаратқан Ийениң майлаған
адамын мен өлтирдим», – деп өзи-
ңе қарсы өз аўзың менен гүўалық
бердиң, – деди.

### Даўыттың Шаул ҳәм Ионатан ушын айтқан жоқлаўы

17 Даўыт Шаул ҳәм оның улы Ио-
натан ушын жоқлаў айтты. 18 Со-
ңынан бул жыр Яҳуда халқына
үйретилсин деп буйырды. «Оқ жай»
деп аталған усы жыр Әдилдиң ки-
табында жазылған:

19 «Ҳәй Израил! Бийик
төбешиклерде жоқ болды
салтанатың!
Қалай жерге қулады
батырларың?!
20 Бул хабарды Гатқа еситтирмең,
Ашкелон көшелеринде жайып
жүрмең.
Еситип, филист қызлары
қуўанбасын,
Сүннетсизлердиң қызлары
йошланбасын.
21 Ҳәй, Гилбоа таўлары,
Үстиңизге шық түсип, жаўын
жаўмасын,
Жерлериң өним де бермесин.
Себеби батырлардың қалқаны,
Енди қайтып майланбайтуғын
Шаулдың қалқаны,
Сол жерде қулатылды.
22 Өлгенлердиң қанысыз,
батырлардың тәнисиз,
Ионатанның оқ жайы кери
қайтпас еди,
Шаулдың қылышы ҳеш бос
қайтпас еди.
23 Шаул менен Ионатан сүйкимли
ҳәм жағымлы еди,
Өмирде де, өлимде де бирге
болды олар.
Олар бүркитлерден де
шаққанырақ,
Арысланлардан да күшлирек еди.
24 Ҳәй, Израил қызлары!
Сизлерге безелген қырмызы
кийимлер кийгизген,
Кийимиңизди алтын безениў
буйымлары менен безеген,
Шаул ушын жылаңлар!
25 Ўаҳ, қалай қаза тапты батырлар
саўашта!
Бийиклигинде жатыр өли
Ионатан.
26 Сениң ушын қайғыраман,
туўысқаным Ионатан,
Мен ушын сен жүдә қәдирли
единң,
Сүйиспеншилигиң мен ушын,
Артық еди ҳаял муҳаббатынан.
27 Ўаҳ, қалай қаза тапты батырлар!
Қалай жоқ болды урыс
қураллары!»

### Даўыттың Яҳудаға патша болыўы

2 1 Буннан кейин, Даўыт Жаратқан
Ийеден:
– Яҳуда қалаларының бирине ба-
райын ба? – деп сорады.
Жаратқан Ийе оған:
– Бар, – деп жуўап берди.
Даўыт Оннан:
– Қай жерге барайын? – деп со-
рады.
Жаратқан Ийе Даўытқа:
– Хебронға бар, – деп жуўап бер-
ди. 2 Солай етип, Даўыт өзиниң еки
ҳаялы: израеелли Ахиноам ҳәм кар-
мелли Набалдың жесири Абигайыл
менен бирге сол жерге кетти. 3 Да-
ўыт өзиниң жанындағы адамларын
да хожалықлары менен бирге алып
кетти. Олар Хебронның өзине ҳәм
әтирапындағы қалаларға орналас-
ты. 4 Сонда яҳудалылар Хебронға
келип, Даўытты майлап, Яҳудаға

патша етип қойды. Соңынан олар
Даўытқа:
– Ябеш-Гилад турғынлары Шаул-
дың денесин жерледи, – деди.
5 Даўыт Ябеш-Гилад турғынла-
рына хабаршылар жиберип, оларға
былай деди: «Мырзаңыз Шаулды
жерлеп, оған көрсеткен садықлы-
ғыңыз ушын Жаратқан Ийе сиз-
лерди жарылқасын! 6 Енди сизлерге
Жаратқан Ийе мийрим-шәпәәтин
ҳәм садықлығын көрсетсин. Бул
исиңиз ушын, мен де сизлерге жақ-
сылық қыламан. 7 Сонлықтан күш-
ли ҳәм мәрт болыңлар! Мырзаңыз
Шаул қайтыс болды. Ал Яҳуда хал-
қы болса, мени майлап, өзлерине
патша етип қойды».

### Израил менен Яҳуда арасындағы саўаш

8 Шаулдың сәркәрдасы Нер улы
Абнер Шаулдың улы Иш-Бошет-
ти[a] Маханайымға алып барды. 9 Ол
жерде Абнер Иш-Бошетти Гилад-
тың, Ашердиң, Изреелдиң, Эфра-
йымның, Беняминниң ҳәм пүткил
Израилдың үстинен патша етип та-
йынлады. 10 Шаулдың улы Иш-Бо-
шет қырық жасында патша болып,
Израилда еки жыл патшалық етти.
Бирақ Яҳуда халқы Даўыт пенен
бирге қалды. 11 Даўыт Хебронда
Яҳуда халқына жети жыл алты ай
патшалық етти.
12 Бир күни Нер улы Абнер Шаул-
дың улы Иш-Бошеттиң адамлары
менен бирге Маханайымнан Ги-
бонға кетти. 13 Ал Серуя улы Иоаб
болса, Даўыттың адамлары менен
барып, Гибон ҳәўизиниң жанында
оларды қарсы алды. Усы еки топар-
дың бири ҳәўиздиң бир тәрепинде,
екиншиси екинши тәрепинде отыр-
ды. 14 Сонда Абнер Иоабқа:
– Жигитлер орынларынан турып,
көз алдымызда алыссын, – деп усы-
ныс қылды.
Иоаб оған:
– Мейли, алыса ғойсын, – деп ке-
лисим берди.
15 Солай етип, Бенямин урыўынан
Шаулдың улы Иш-Бошет тәрептен
он еки адам ҳәм Даўыт тәрептен он
еки адам алдыға шықты. 16 Олар-
дың ҳәр бири қарсыласының ба-
сынан услап алды да, бир-бириниң
бүйирине қылыш шаншып, бирге-
ликте жан тапсырды. Сонлықтан
Гибондағы сол жерге Хелқат-Ҳас-
сурим[b] деген ат берилди.
17 Сол күни саўаш жүдә қатал түс
алып, Даўыттың адамлары Абнер
менен израиллыларды жеңилис-
ке ушыратты. 18 Серуяның үш улы:
Иоаб, Абишай ҳәм Асаҳел де сол
жерде еди. Асаҳел жейран сыяқлы
шапқыр еди. 19 Ол изинен қалмай,
Абнерди қуўалап кетти.
20 Сонда Абнер артына бурылып:
– Асаҳел, бул сенбисең? – деп со-
рады.
Асаҳел оған:
– Аўа, бул мен, – деп жуўап берди.
21 Абнер оған:
– Изимнен қуўыўды тоқтатып,
жигитлердиң бирине ҳүжим қыл
да, қурал-жарағын ал, – деди.

---

a **2:8** *Иш-Бошет* – бул ат 1Жлн 8:33 аятта Эшбаал, 1Пат 14:49 аятта Ишўий деп айтылады.

b **2:16** Хелқат-Ҳассурим – «қылышлар майданы» дегенди билдириўи мүмкин.

Бирақ Асаҳелдиң Абнерди қу-
ўыўды тоқтатқысы келмеди.
22 Сонда Абнер Асаҳелге және
ескертип:
– Мени қуўыўды тоқтат! Сени
өлтириўимниң неге кереги бар?
Соңынан туўысқаның Иоабтың
жүзине қалай қарайман? – деди.
23 Бирақ Асаҳел қуўыўды тоқтат-
пағанлықтан, Абнер найзасының
артқы ушын Асаҳелдиң қарнына
тығып жиберди. Найза Асаҳелдиң
арқасын тесип шықты. Ол жерге
жығыла сала, жан берди. Асаҳел
жығылып өлген жерден өтип бара-
тырғанлардың ҳәммеси сол жерде
тоқтап қалды.
24 Ал Иоаб пенен Абишай Аб-
нерди қуўыўды даўам етип, күн
батқанда, Гибон шөлине кетету-
ғын жолдағы Гиахтың қарсы ал-
дындағы Амма төбешигине келди.
25 Бенямин урыўының адамлары
Абнердиң изине ерип жыйналып,
бир топарға бирлести ҳәм бир тө-
бешиктиң басына шығып, сап тар-
тып турды.
26 Абнер даўыслап бақырып, Ио-
абқа:
– Қылышымыз мәңгиге инсан-
ларды қырыўы керек пе? Ямаса сен
буның ақыбетиниң қайғылы бо-
латуғынын билмейсең бе? Әскер-
лериңе туўысқанларын қуўыўды
тоқтатыўды қашан буйырасаң? –
деди.
27 Иоаб Абнерге:
– Тири Қудай ҳақы ант ишемен:
егер өзиң айтпағаныңда, әскерлер
ертең азанға шекем туўысқанла-
рын қуўыўды тоқтатпаған болар
еди, – деп жуўап берди. 28 Соңынан
Иоаб кәрнай шертти ҳәм пүткил
халық тоқтады. Кейин олар изра-
иллыларды қуўмады да, олар ме-
нен урыспады да.
29 Абнер ҳәм оның адамлары түн
бойы Иордан тегислиги бойлап
жүрди. Олар Иордан дәрьясын ке-
сип өтип, Битрон жолы арқалы Ма-
ханайымға қайтып барды.
30 Иоаб та Абнерди қуўыўды
тоқтатып, қайтып келгеннен соң,
ҳәмме адамларын жыйнады. Аса-
ҳелден басқа, Даўыттың адамлары-
нан және он тоғыз адам қазаланған
болып шықты. 31 Бирақ Даўыт-
тың адамлары Абнер тәрептеги
Бенямин урыўының адамларынан
үш жүз алпыс адамды өлтирген
еди. 32 Иоаб ҳәм оның адамлары
Асаҳелдиң денесин алып келип,
Бейтлеҳемдеги әкесиниң қәбирине
жерледи. Соңынан олар түн бойы
жол жүрип, таң ата Хебронға же-
тип келди.

3 1 Шаулдың тәрепдарлары ме-
нен Даўыттың тәрепдарлары
арасындағы урыс узақ даўам етти.
Даўыттың күшине күш қосылған
сайын, Шаулдың тәрепдарлары ҳәл-
сиреп бара берди.

### Даўыттың Хебронда туўылған уллары

2 Хебронда туўылған Даўыттың
уллары: туңғыш улы Амнон. Ол
изреелли Ахиноамнан туўылды.
3 Екиншиси Килеаб болып, ол кар-
мелли Набалдың жесири Абига-
йылдан туўылды. Үшиншисиниң
аты Абшалом, ол Гешур патша-
сы Талмайдың қызы Маахадан
туўылды. 4 Төртиншиси Хаггит-
тен туўылған Адония, бесиншиси

Абиталдан туўылған Шефатия,
5 алтыншысы Даўыттың Эгла де-
ген ҳаялынан туўылған Итреам еди.
Даўыттың бул улларының ҳәмме-
си Хебронда туўылды.

### Абнердиң Даўытқа қосылыўды шешиўи

6 Шаулдың тәрепдарлары менен
Даўыттың тәрепдарлары арасында
урыс даўам етип атырғанда, Абнер
Шаулдың тәрепдарлары арасында
күшке толып бара берди.
7 Шаулдың Риспа деген бир тоқа-
лы бар болып, ол Айя деген адам-
ның қызы еди. Бир күни Иш-Бошет
Абнерден:
– Не ушын сен әкемниң тоқалы
менен жаттың? – деп сорады.
8 Иш-Бошеттиң сораўына қатты
ғәзепленген Абнер оған былай деп
бақырды:
– Мен не Яҳудаға хызмет қылып
жүрген бир көпек пе едим? Мен усы
күнге дейин, әкеңиз Шаулдың хо-
жалығына, туўысқанларына ҳәм
досларына садық болдым. Сизди
де Даўытқа сатып бермедим. Би-
рақ бүгин сиз мени усы ҳаял себеп-
ли айыплап атырсыз. 9 Жаратқан
Ийениң Даўытқа ишкен антын жү-
зеге асырмасам, онда Қудай мени
жазалаған үстине жазаласын! 10 Ол
патшалықты Шаулдың нәсилинен
тартып алып, Даннан Беер-Шеба-
ға шекем созылған Израил менен
Яҳудада Даўыттың патшалығын
орнататуғынын айтып, ўәде еткен
еди. 11 Иш-Бошет Абнерден қорқ-
қанлықтан, оған басқа ҳеш нәрсе
айта алмады.
12 Буннан кейин, Абнер өз аты-
нан Даўытқа хабаршылар жиберип,
былай деди: «Бул елди сиз басқары-
ўыңыз керек емес пе? Егер мениң
менен келисим дүзсеңиз, пүткил
Израилды сиз тәрепке аўдырыў
ушын, жәрдем беремен».
13 Даўыт оған: «Яқшы, мен сениң
менен келисим дүземен. Бирақ бир
шәртим бар: мени көриўге келге-
ниңде, Шаулдың қызы, ҳаялым
Михалды да өзиң менен бирге алып
кел. Болмаса, алдыма келмей-ақ
қой», – деди.
14 Соңынан Даўыт Шаулдың улы
Иш-Бошетке де хабаршылар жи-
берип, олар арқалы: «Қалың мал-
ға жүз филисттиң сүннет терисин
төлеп алған ҳаялым Михалды ма-
ған қайтарып бер», – деди. 15 Сонда
Иш-Бошет адамлар жиберип, Ми-
халды күйеўи Палтиелдиң үйинен
алдырды. Палтиел Лайыш деген
адамның улы еди. 16 Күйеўи жы-
лаўы менен Бахуримге шекем ҳа-
ялына ерип барды. Бирақ Абнер
оған: «Изиңе қайт», – дегенде, ол
изине қайтып кетти.
17 Сол арада Абнер Израилдың ақ-
сақаллары менен ушырасып, олар-
ға былай деди: «Сизлер көптен бери
Даўыттың өзлериңизге патша болы-
ўын қәлеген едиңиз. 18 Енди буны
иске асырың. Себеби Жаратқан Ийе
Даўыт ҳаққында: „Қулым Даўыт
арқалы халқым Израилды филист-
лердиң ҳәм пүткил душпанлары-
ның қолынан қутқараман“, – деген
еди». 19 Абнер бенияминлилер менен
де сөйлести. Соңынан ол Израил
халқының ҳәм Бенямин урыўының
қәлеўи туўралы Даўытқа хабарлаў
ушын Хебронға кетти.
20 Абнер жанына жигирма адам-
ды алып Хебронға, Даўыттың

жанына барды. Даўыт Абнер ҳәм
оның жанындағылар ушын зыя-
пат берди.
21 Абнер Даўытқа:
– Енди барып, пүткил Израил хал-
қын жыйнап, тақсырым, сизиң ал-
дыңызға алып келейин. Олар сиз
бенен келисим дүзсин. Сонда сиз
қәлеген жериңиздиң ҳәммеси үс-
тинен патшалық қыласыз, – деди.
Буннан соң, Даўыт Абнерди шы-
ғарып салды. Ол да аман-есен жо-
лына түсти.

### Иоабтың Абнерди өлтириўи

22 Көп узамай, Даўыттың адам-
лары менен Иоаб бир басқыншы-
лықтан қайтып келди. Олар өзлери
менен бирге көп олжа алып келген
еди. Бирақ сол ўақытта Абнер Хеб-
ронда Даўыттың жанында жоқ еди.
Себеби Даўыт оны шығарып салған
болып, ол аман-есен жөнеп кеткен
еди. 23 Иоаб ҳәм оның жанындағы
пүткил әскерлер Хебронға келгенде,
оларға Нер улы Абнердиң патшаға
келгени, патшаның оны қайтарып
жибергени, оның да аман-есен үйи-
не қайтқаны туўралы хабарлады.
24 Сонда Иоаб патшаға келип:
– Сиз не ислеп қойдыңыз? Абнер
өз аяғы менен алдыңызға келген
болса, оны неге босатып жиберди-
ңиз? Ол кетип қалыпты-ғо! 25 Нер
улы Абнерди өзиңиз билесиз. Ол
сизди алдаў ушын, қай жерге ба-
рып, қай жерден келетуғыныңыз-
ды ҳәм нелер ислейтуғыныңызды
билиў ушын келген, – деди.
26 Иоаб Даўыттың жанынан шық-
қаннан кейин, Абнердиң изинен
хабаршылар жиберди. Хабаршы-
лар оны Сира суў сақлағышының
жанынан қайтарып алып келди.
Даўыт буннан бийхабар еди. 27 Аб-
нер Хебронға қайтып келгенде,
Иоаб өзин оның менен жеке сөй-
лесип алатуғын адамдай көрсетип,
оны қала дәрўазасынан киргиз-
ди. Туўысқаны Асаҳелдиң қанын
төккени ушын, Иоаб сол жерде
Абнердиң қарнына пышақ урып
өлтирди. 28 Даўыт бул ўақыяны
еситкенде былай деди: «Мен де,
мениң патшалығым да Нер улы
Абнердиң қаны ушын Жаратқан
Ийениң алдында мәңгиге айып-
сызбыз. 29 Оның қанының қуны
Иоабтың ҳәм оның әкесиниң пүт-
кил үй-ишиниң мойнында. Ио-
абтың урпағынан ириңли жараға
ҳәм жаман тери кеселлигине ша-
лынғанлар, балдаққа сүйенген-
лер, қылыштан өлгенлер, нанға зар
болғанлар ҳеш қашан арылмасын».
30 Солай етип, Иоаб ҳәм оның
иниси Абишай Абнерди өлтирди.
Өйткени Абнер Гибондағы саўаш-
та олардың иниси Асаҳелди өл-
тирген еди.
31 Соңынан Даўыт Иоабқа ҳәм
оның жанындағыларға:
– Кийимлериңизди жыртып, аза
кийимин кийиңлер ҳәм Абнер
ушын жылаңлар, – деп буйрық бер-
ди. Даўыт патшаның өзи Абнердиң
табытының изинде жүрди. 32 Олар
Абнерди Хебронға жерледи. Пат-
ша Абнердиң қәбириниң басын-
да даўыс шығарып жылады. Сол
жердеги пүткил халық та жылады.
33 Соңынан патша Абнер ушын мы-
на жоқлаўды айтты:

«Абнер, сен бир ақмақ сыяқлы
өлиўиң керек пе еди?

34 Қолларың байлаўлы, аяқларың
кисенлеўли емес еди-ғо.
Бирақ сен қарақшылар
қолынан өлтирилген адам
сыяқлы қаза таптың».

Ҳәмме Абнер ушын және жылады.
35 Халық Даўытқа барып, күн
батпастан бурын оны бир нәрсе
жеп алыўға көндирмекши болған-
да, Даўыт ант ишип былай деди:
– Күн батпастан алдын нан ямаса
бир нәрсе жесем, Қудай мени жа-
залаған үстине жазаласын!
36 Пүткил халық буны билди ҳәм
патшаның барлық ислерин унат-
қаны сыяқлы, бул исин де унатты.
37 Сол күни Яҳудадағы ҳәм Изра-
илдағы ҳәр бир адам Нер улы Аб-
нердиң өлиминде патшаның қолы
жоқлығын билди.
38 Патша адамларына былай деди:
– Бүгин Израилда бир басшының,
уллы бир адамның өлгенин бил-
мейсизлер ме? 39 Мен майланып,
патша етип қойылған болсам да,
бүгин ҳәлсизбен. Ал мына Серуя-
ның уллары болса, меннен күш-
лирек. Жаратқан Ийе жаманлық
ислегенге жаманлығына жараса
қайтарсын!

### Иш-Бошеттиң өлтирилиўи

4 1 Шаулдың улы Иш-Бошет Аб-
нердиң Хебронда өлтирилгенин
еситкенде, қәўетерге түсти. Пүткил
Израил халқы да қорқысып қалды.
2 Иш-Бошеттиң хызметинде бас-
қыншылар топарын басқаратуғын
Баана ҳәм Рехаб деген еки адам бар
еди. Олар Бенямин урпағынан бол-
ған беерotлы Риммонның уллары
еди. Беерот қаласы бенияминлилерге
тийисли қала деп саналатуғын еди.
3 Себеби беерotлылар қаланы тас-
лап, Гиттайымға қашып кеткен еди.
Сонлықтан олар усы күнге шекем
сол жерде келгинди болып жасап
киятыр.
4 Шаулдың улы Ионатанның еки
аяғы да ләң болып қалған Мефи-
бошет[a] деген бир улы бар еди. Из-
реелден Шаул менен Ионатанның
қазаланғаны ҳаққында хабар кел-
генде, Мефибошет бес жаста еди.
Сонда тәрбияшысы оны алып қа-
шып кеткен еди. Ол баланы асығыс
алып қашып баратырғанда, баланы
қолынан түсирип алғанлықтан, ба-
ла майып болып қалған еди.
5 Беерotлы Риммонның уллары
Рехаб пенен Баана жолға шығып,
күн қатты қызған ўақытта Иш-Бо-
шеттиң үйине келгенде, Иш-Бошет
уйықлап жатырған еди. 6 Рехаб ҳәм
оның туўысқаны Баана бийдай ала-
туғын адам сыяқлы үйге кирип,
Иш-Бошеттиң қарнына қанжар ты-
ғып өлтирди де, қашып кетти. 7 Ўа-
қыя былай болған еди: олар үйге
киргенде, Иш-Бошет уйықлайту-
ғын бөлмесиндеги өз төсегинде
жатырған еди. Рехаб пенен Баана
Иш-Бошетти өлтирип, басын кесип
алды ҳәм басты көтерип, пүткил
түн бойы Иордан тегислиги арқа-
лы жүрди. 8 Олар Иш-Бошеттиң
басын Хебронға, Даўыт патшаға
алып келип, оған:
– Мине, сизди өлтирмекши бол-
ған душпаныңыз Шаулдың улы
Иш-Бошеттиң басы! Жаратқан Ийе

---

a **4:4** *Мефибошет* – бул ат 1Жлн 8:34; 9:40 аятларда «Мериб-Баал» деп айтылады.

бүгин Шаулдан ҳәм оның урпағы-
нан тақсырым, сизиң өшиңизди
алды, – деди.
[9] Бирақ Даўыт бееротлы Рим-
монның уллары Рехаб пенен оның
туўысқаны Баанаға былай деп жу-
ўап берди:
– Мени ҳәр түрли бәле-қадалар-
дан қутқарған тири Жаратқан Ийе
ҳақы ант ишемен: [10] бурын Шаул-
дың өлими ҳаққында хабарды ма-
ған хош хабар ретинде алып келген
адамды услап алып, Сиклагта өл-
тирген едим. Әкелген хош хабары
ушын оған берилген сый усы бол-
ды. [11] Енди айыпсыз бир адамды өз
үйинде, өз төсегинде өлтирген жа-
ўыз адамлар да сөзсиз өлтириле-
ди. Оның қаны ушын сизлерден өш
алып, сизлерди жер бетинен жоқ
қылып жибермеймен бе?
[12] Соңынан Даўыт адамларына
буйрық берди. Олар еки туўысқан-
ды өлтирип, олардың аяқ-қолла-
рын кести де, денесин Хеброндағы
ҳәўиздиң бойына асып қойды. Ал
Иш-Бошеттиң басын апарып, Хеб-
рондағы Абнердиң қәбирине жер-
леди.

### Даўыттың Израилға патша болыўы

**5** [1] Израилдың барлық урыўла-
ры Хебронға, Даўытқа келип,
былай деди: «Бизлер сизиң өз сү-
йегиңиз ҳәм өз етиңизбиз. [2] Бурын
Шаул патшамыз болған ўақытта
саўашта Израилды өзиңиз баслап
жүретуғын едиңиз. Жаратқан Ийе
сизге: „Халқым Израилға сен шо-
панлық етип, Израил үстинен ҳү-
кимдар боласаң“, – деп ўәде берген
еди». [3] Солай етип, Израилдың бар-
лық ақсақаллары Хебронға, патша
Даўыттың алдына келгенде, Даўыт
Хебронда Жаратқан Ийениң алдын-
да олар менен келисим дүзди. Олар
да Даўытты майлап, Израилға пат-
ша етип қойды.
[4] Даўыт отыз жасында патша бо-
лып, қырық жыл патшалық етти.
[5] Ол Хебронда жети жыл алты ай
Яҳуда үстинен, Ерусалимде отыз
үш жыл пүткил Израил ҳәм Яҳу-
да үстинен патшалық етти.
[6] Патша ҳәм оның адамлары Еру-
салимде жасап атырған ебус хал-
қына шабыўыл жасаў ушын жолға
шыққанда, ебус халқы: «Даўыт бул
жерге кире алмайды», – деп ойлап,
Даўытқа:
– Сен бул жерге кире алмайсаң.
Соқырлар менен шолақлар-ақ сени
қуўып салады, – деп бақырды. [7] Де-
ген менен, Даўыт Сион қорғанын
қолға киргизди. Кейин ала бул қор-
ған Даўыттың қаласы деп аталды.
[8] Сол күни Даўыт адамларына
былай деди:
– Ебус халқын жеңбекши болған
ҳәр бир адам суў тармақлары арқа-
лы барып, Даўытты жек көретуғын
сол шолақ ҳәм соқыр ебусларды
жоқ қылсын.
Сонлықтан: «Соқырлар менен
шолақлар сарайға кирмейди», – де-
ген гәп қалған екен.
[9] Буннан кейин, Даўыт қорған
қалаға орналасып алды ҳәм оны
Даўыттың қаласы деп атады. Ол
қорғанның айнала дөгерегине
Милло деген жерден баслап қосым-
ша қорған қурды. [10] Даўыт күшке
толып бара берди. Өйткени Әлем-
ниң Қудайы Жаратқан Ийе оның
менен бирге еди.

11 Тир патшасы Хирам Даўытқа
елшилер, соның менен бирге кедр
ағашларын, ағаш усталарын ҳәм
тас қалаўшыларды жиберди. Бул
адамлар Даўыт ушын бир сарай
қурды. 12 Сонда Даўыт Жаратқан
Ийениң өзин Израилға патша етип
тайынлағанын ҳәм Өз халқы Изра-
ил ушын оның патшалығын даңқ-
қа еристиргенин түсинди.

13 Даўыт Хеброннан Ерусалим-
ге келгеннен кейин де өзине жә-
не тоқаллар ҳәм ҳаяллар алып,
олардан да ул ҳәм қызлар көрди.
14 Даўыттың Ерусалимде туўылған
ул-қызларының атлары мыналар:
Шаммуа, Шобаб, Натан, Сулай-
ман, 15 Ибхар, Элишуа, Нефег, Яфиа,
16 Элишама, Эляда ҳәм Элифелет.

## Филистлердиң женилиске ушыраўы

17 Филистлер Даўыттың майла-
нып, Израилға патша етип қойыл-
ғанын еситкенде, пүткил филист
әскерлери Даўытты қолға түсириў
ушын излеп кетти. Буны еситкен
Даўыт қорғанға кетти. 18 Филист-
лер келип, Рефаим ойпатлығы-
на жайласты. 19 Даўыт Жаратқан
Ийеден:

– Филистлерге қарсы жүрис қы-
лайын ба? Оларды маған тәслим
етесең бе? – деп сорады.

Жаратқан Ийе Даўытқа:

– Аўа, жүрис қыл. Оларды саған
сөзсиз тәслим етемен, – деди.

20 Сонда Даўыт әскерлери ме-
нен бирге Баал-Перасимге кетти
ҳәм ол жерде филистлерди қый-
ратты. Кейин ол: «Ҳәр бир бөгет-
ти жайпап өтетуғын суў тасқыны
сыяқлы, Жаратқан Ийе душпанла-
рымды алдымда қыйратып тасла-
ды», – деди. Сол себепли сол жерге
Баал-Перасим[a] деген ат берилди.
21 Филистлер бутларын сол жер-
ге таслап қашқан еди. Даўыт ҳәм
оның адамлары сол бутларды алып
кетти.

22 Көп өтпей, филистлер қайтадан
келип, Рефаим ойпатлығына жай-
ласты. 23 Даўыт Жаратқан Ийеден
қайта сорағанда, Жаратқан Ийе
оған былай деп жуўап берди:

– Оларға бул жерден ҳүжим қыл-
ма. Олардың артынан айланып бар
да, тут ағашлары тәрептен ҳүжим
қыл. 24 Сен тут ағашларының жо-
қарысынан аяқ сеслери сыяқлы
даўысты еситиўден-ақ, ҳәрекетке
кирис. Себеби сол ўақытта Мен се-
ниң алдыңда филист ордасын қый-
ратыў ушын баратырған боламан.

25 Даўыт Жаратқан Ийениң бу-
йырғанындай қылды ҳәм филист
ордасын Гебадан Гезерге дейин
қыйратып барды.

## Келисим сандығының Ерусалимге алып келиниўи

6 1 Даўыт және Израилдағы пүт-
кил сайланды әскерлерди топ-
лады. Олар отыз мың адам еди.
2 Соңынан Даўыт ҳәм оның менен
бирге болған сол адамлардың ҳәмме-
си сандықтың үстиндеги керублар[b]
арасында тахтта отырған Әлемниң

---

[a] **5:20** *Баал-Перасим* – «Қыйратыў Мырзасы» дегенди билдиреди.
[b] **6:2** *Керуб* – қанатлы руўхый барлық.

Жаратқан Ийесиниң аты менен атал-
ған Қудайдың сандығын алып келиў
ушын Баале-Яҳудаға[a] кетти. 3 Олар
Қудайдың сандығын төбешиктеги
Абинадабтың үйинен алып, таза
бир арбаға қойды. Абинадабтың ул-
лары Узза менен Ахйо таза арбаны
жетеклеп жүрди. 4 Олар Қудайдың
сандығын алып кетип баратырған-
да, Ахйо сандықтың алдында жүрди.
5 Сол ўақытта Даўыт ҳәм пүткил Из-
раил халқы Жаратқан Ийениң ал-
дында бар күши менен қосық айтып,
лира[b] ҳәм арфа шертип, дәп қағып,
систраны шыңғырлатып, кимбалды
даңғырлатып, ойынға түсип кия-
тырған еди.

6 Олар Нахон деген адамның қыр-
манына жетип барғанда, өгизлер
сүрнигип кетти. Сонда Узза қолын
созып, Қудайдың сандығын ус-
лап қалды. 7 Ҳүрметсизлиги ушын
Жаратқан Ийениң Уззаға ғәзеби
лаўлады ҳәм сол жерде-ақ оның
жанын алды. Узза Қудайдың сан-
дығының қасында жан тапсырды.

8 Жаратқан Ийениң Уззаны жаза-
лағаны ушын, Даўыт қатты ашыў-
ланды. Сол күннен баслап, ҳәзирге
дейин бул орын Перес-Узза[c] деп
аталады.

9 Даўыт сол күни Жаратқан Ийе-
ден қорқып: «Енди қалай Жаратқан
Ийениң сандығын әкелип, жаныма
қоя аламан?» – деди. 10 Сол күни
Даўыт сандықты өзиниң аты ме-
нен аталған қалаға алып барыў-
дың орнына, гатлы Обед-Эдомның
үйине апарды. 11 Жаратқан Ийе-
ниң сандығы гатлы Обед-Эдомның
үйинде үш ай турды. Жаратқан Ийе
Обед-Эдомды ҳәм оның пүткил
шаңарағын жарылқады. 12 Даўыт-
қа: «Қудайдың сандығы себепли,
Жаратқан Ийе Обед-Эдомның ша-
ңарағын ҳәм оған тийисли ҳәм-
ме нәрсени жарылқады», – деген
хабар жетти. Сонда Даўыт барып,
Қудайдың сандығын Обед-Эдом-
ның үйинен Даўыттың қаласы-
на қуўанышлы түрде алып келди.
13 Жаратқан Ийениң сандығын
көтергенлер алты адым атқанда,
Даўыт бир буға менен бир семир-
тилген тананы қурбанлыққа шал-
ды. 14 Зығыр эфод[d] кийип алған
Даўыт Жаратқан Ийениң алдын-
да бар күши менен ойынға түсти.
15 Усылайынша Даўыт ҳәм пүткил
Израил халқы қуўанышлы даўыс-
лар ҳәм кәрнай сеслери астында
сандықты алып киятырған еди.
16 Сандық Даўыттың қаласына ки-
рип киятырғанда, Шаулдың қызы
Михал терезеден қарап турған еди.
Ол Жаратқан Ийениң алдында се-
кирип ойынға түсип киятырған
Даўыт патшаны көргенде, оны өз
кеўлинде пәс көрип кетти.

17 Жаратқан Ийениң сандығы
алып келинип, Даўыттың арнаў-
лы түрде қурдырған шатырының
ишиндеги өз орнына қойыл-
ды. Соңынан Даўыт Жаратқан
Ийеге арнап жандырылатуғын
қурбанлықлар ҳәм татыўлық

---

[a] **6:2** *Баале-Яҳуда* – Кирят-Яримниң басқа аты, 1Жлн 13:6 қараң.
[b] **6:5** *Лира* – бармақ пенен шертилетуғын тарлы саз әсбабы.
[c] **6:8** *Перес-Узза* – «Уззаның қыйралыўы» дегенди билдиреди.
[d] **6:14** *Эфод* – әдетте руўханийлер кийген кийим.

қурбанлықларын берди. [18] Жан-
дырылатуғын ҳәм татыўлық қур-
банлықларын берип болғаннан
кейин, Даўыт Әлемниң Жаратқан
Ийесиниң аты менен халыққа пә-
тия берди. [19] Кейин ол пүткил ха-
лыққа, Израил жәмийетиндеги ҳәр
бир еркек ҳәм ҳаялға бир шөрек
нан, бир уўыс хурма ҳәм бир уўыс
кептирип нығызланған кишмиш-
тен тарқатты. Буннан соң, пүткил
халық үйлерине қайтты.

[20] Даўыт өз хожалығына пәтия
бериў ушын үйине қайтып келген-
де, Шаулдың қызы Михал оны қар-
сы алыўға шықты ҳәм оған:

– Израил патшасы бүгин қандай
абырайға еристи?! Өз қулларының
шорылары алдында жарамсыз адам
сыяқлы жалаңашланып, өзин көр-
сетти-ғо, – деди.

[21] Даўыт Михалға былай деп жу-
ўап берди:

– Мени әкеңниң ҳәм оның пүткил
нәсилиниң орнына таңлап, Өз хал-
қы Израилға ҳүкимдар етип қой-
ған Жаратқан Ийениң алдында
ойынға түстим. Аўа, мен Жаратқан
Ийениң алдында ойнай беремен.
[22] Енди өзимди буннан да төмен
тутып, және де пәсирек санайман.
Бирақ сен айтқан сол шорылар ме-
ни ҳүрметке бөлейди.

[23] Шаулдың қызы Михал өми-
риниң ақырына шекем бийпер-
зент өтти.

### Қудайдың Даўытқа берген сөзи

**7** [1] Даўыт патша өз сарайында
жасай берди. Себеби Жаратқан
Ийе оны әтирапындағы барлық
душпанларынан қорғап, тыныш-
лық берди.

[2] Сол ўақытлары патша пайғам-
бар Натанға:

– Қара, мен кедр ағашынан қу-
рылған сарайда жасап атырман, ал
Қудайдың сандығы болса, шатыр-
да турыпты, – деди.

[3] Натан патшаға:

– Жүрегиңиз нени қәлесе, соны
ислең. Себеби Жаратқан Ийе сиз
бенен бирге, – деп жуўап берди.

[4] Бирақ сол күни түнде Натан-
ға Жаратқан Ийеден мынадай сөз
түсти:

[5] – Барып, қулым Даўытқа былай
деп айт: «Жаратқан Ийе былай дей-
ди: Мәкан басыўым ушын, Маған
арнап үйди сен қурмақшымысаң?
[6] Израил халқын Мысырдан алып
шыққан күнимнен баслап бүгинге
дейин, Мен үйде жасадым ба, өзи?
Шатырда ол жақтан бул жаққа кө-
шип жүрген жоқпан ба? [7] Пүткил
израиллылар менен бирге көшип
жүрген жерлерде халқымды бас-
қарыўды буйырған Израил бийле-
риниң қайсы бирине: Неге Маған
кедр ағашынан үй қурып бермеди-
ңиз? – деген едим?»

[8] Енди қулым Даўытқа былай
деп айт: «Әлемниң Жаратқан Ийе-
си былай дейди: Мен сени жай-
лаўда қой бағып жүрген жериңнен
алып, халқым Израилға ҳүкимдар
етип қойдым. [9] Қай жерге барсаң
да, сениң менен бирге болып, ал-
дыңдағы ҳәмме душпанларыңды
жоқ қылдым. Атыңды дүньядағы
уллы адамлардың атлары сыяқлы
уллы қыламан. [10] Халқым Израил
ушын орын таярлап, оларды сол
жерге орналастыраман. Олардың

өз журты болады ҳәм ҳеш ким ты-
нышын бузбайды. Залымлар олар-
ға бурынғыдай зорлық қылмайды.
11 Халқым Израилға бийлер қой-
ған ўақыттан бери залымлар олар-
ды езип келмекте. Ал сени пүткил
душпанларыңнан қутқарып, рәҳәт-
ке еристиремен.

Жаратқан Ийе және былай деп
билдиреди: Мен сениң ушын бир
шаңарақ – патшалар әўладын жа-
ратаман. 12 Сен өлип, ата-бабала-
рыңа қосылғаныңда, зүрядыңнан
бирин тахтқа отырғызып, оның
патшалығын беккемлеймен. 13 Ма-
ған атап үйди ол қурады. Мен де
оның патшалық тахтын мәңгилик
қылып орнатаман. 14 Мен оған әке
боламан, ол Маған ул болады. Егер
ол гүна ислесе, әке улын таяқ пенен
жазалағандай, оны басқа миллет-
лер арқалы жазалайман. 15 Бирақ
сениң көз алдыңда Шаулдан Өз
мийримимди тартып алғаным сы-
яқлы, оннан Өз мийримимди ҳеш
қашан тартып алмайман. 16 Сениң
урпағың ҳәм патшалығың Мениң
алдымда мәңгиге турады ҳәм тах-
тың мәңги беккем болады».

17 Солай етип, Натан аян арқалы
берилген бул сөзлердиң ҳәммесин
Даўытқа айтып берди.

### Даўыттың миннетдаршылық дуўасы

18 Соңынан Даўыт патша келип,
Жаратқан Ийениң алдында отыр-
ды да, былай деди:

– Қудай Ийе! Сен мени буншел-
ли мәртебели қылғандай, мен ким
болыппан, мениң үй-ишим де не
болыпты? 19 Қудай Ийе! Сениң
нәзеринде бул да аз болғандай,
қулыңның урпағының келешеги
туўралы да айтып бердиң. Қудай
Ийе, Сениң адамзатқа деген қат-
насың усындай ма?! 20 Мен Саған
басқа не айта аламан? Өйткени
Қудай Ийе, Сен Өз қулыңды биле-
сең. 21 Сен Өз сөзиңе ҳәм жүрегиңе
муўапық болған бул уллы исти ис-
ледиң ҳәм оны қулыңа билдирдиң.
22 Қандай уллысаң, Қудай Ийе! Өз
қулақларымыз бенен еситкен бар-
лық хабарымыз бойынша, Саған
тең келетуғыны жоқ, Сеннен басқа
Қудай да жоқ. 23 Дүньяда халқың
Израилға уқсаған бирде бир ха-
лық жоқ. Оларды Өз халқың қы-
лыўушын, азат қылыўға бардың
ҳәм халқың ушын да, елиң ушын
да уллы ҳәм таң қаларлық ислер
ислеп, Өз даңқыңды шығардың.
Мысырдан Өзиң ушын азат қылған
халқыңның алдынан халықларды
ҳәм қудайларды қуўып жибердиң.
24 Халқың Израилды мәңгиге Өз
халқым болады деп, оларды бек-
кемледиң ҳәм Өзиң, Жаратқан Ийе,
олардың Қудайы болдың. 25 Енди,
Қудай, Жаратқан Ийе! Қулыңа ҳәм
оның урпағына берген ўәдеңде мәң-
гиге турып, сөзиңди орынлай гөр.
26 Адамлар: «Әлемниң Жаратқан
Ийеси – Израилдың Қудайы», –
деп атыңды мәңгиге уллыласын
ҳәм қулың Даўыттың урпағы да
Сениң алдыңда беккем турсын.
27 Әлемниң Жаратқан Ийеси, Из-
раилдың Қудайы! Сен қулыңа: «Се-
ниң ушын бир шаңарақ – патшалық
жаратаман», – деп аян еттиң. Сон-
лықтан қулың усылай дуўа етиў-
ге жүрек етти. 28 Қудай Ийе, Сен
Қудайсаң, Сениң сөзлериң ҳақ.
Сен қулыңа бул ийгиликли ўәдени

бердиң. 29 Енди алдында мәңгиге
даўам етиўи ушын, қулыңның пат-
шалығын жарылқаўыңды сорай-
ман. Себеби Қудай Ийе, Сен солай
сөз бердиң ҳәм қулыңның патша-
лығы Сениң жарылқаўың арқалы
мәңгиге жарылқанатуғын болады.

### Даўыттың жеңислери

8 1 Арадан бираз ўақыт өткеннен
кейин, Даўыт филистлерди же-
ңип, оларды бойсындырды ҳәм фи-
листлердиң қолынан Метег-Амма
қаласын тартып алды.

2 Соңынан моаб халқын да же-
ңилиске ушыратты. Оларды жер-
ге қатара жатқызып, арқан менен
өлшеди ҳәм еки өлшемди өлтирип,
үшинши өлшемди тири қалдырды.
Солай етип, моаблылар Даўытқа
бағынышлы болып, оған салық
төлейтуғын болды.

3 Соба патшасы Рехоб улы Ҳада-
дезер Евфрат дәрьясы бойлап өз
патшалығын қайта тиклемекши
болып барғанда, Даўыт оған шабы-
ўыл жасап, жеңип шықты. 4 Даўыт
оның бир мың жети жүз арбалы ҳәм
жигирма мың пияда әскерин қолға
түсирди. Ол саўаш арбасына жеги-
летуғын барлық атлардың тирсек-
лерин кесип майырып, оннан тек
жүз атты ғана алып қалды.

5 Даўыт Соба патшасы Ҳададезер-
ге жәрдемге келген Дамаскте жа-
сайтуғын арамлардан жигирма еки
мың адамды өлтирди. 6 Соңынан
ол Дамасктеги арамлардың жери-
не өзиниң сақшылар топарын орна-
ластырды. Арамлар да Даўытқа қул
болып, салық төлейтуғын болды.
Даўыт қай жерге барса да, Жаратқан
Ийе оны жеңиске еристирди.

7 Даўыт Ҳададезердиң сәркәрда-
лары алып жүрген алтын қалқан-
ларды алып, Ерусалимге әкелди.
8 Және де, ол Ҳададезердиң қол ас-
тындағы Бетах ҳәм Беротай қала-
ларынан көп муғдарда қола алды.

9 Хамат патшасы Той Даўыттың
Ҳададезердиң пүткил әскерлерин
жеңип шыққанынан хабар тапты.
10 Сонда Той өз улы Иорамды сә-
лем бериў ҳәм Ҳададезер үстинен
ерискен жеңиси менен қутлықлаў
ушын, Даўыт патшаға жиберди.
Себеби Той Ҳададезер менен узақ
ўақыттан бери урысып киятырған
еди. Иорам Даўытқа гүмис, алтын
ҳәм қоладан исленген затларды
саўғаға алып келди. 11 Даўыт пат-
ша бул саўғаларды басып алған
еллеринен алып келген гүмис ҳәм
алтынлар менен бирге Жаратқан
Ийеге бағышлады. 12 Булар арам,
моаб, аммон, филист ҳәм амалек
халықларынан алып келинген, жә-
не де, Соба патшасы Рехоб улы Ҳа-
дадезерден тартып алынған гүмис
ҳәм алтынлар еди.

13 Даўыт Дуз ойпатлығында эдом
халқынан он сегиз мың адамды өл-
тирип қайтқаннан соң, оның даң-
қы асты.

14 Даўыт Эдом аймағының ҳәмме
жерине өз сақшылар топарын ор-
наластырды. Пүткил эдом халқы
Даўытқа бағынышлы болды. Да-
ўыт қайда барса да, Жаратқан Ийе
оны жеңиске еристирди.

### Даўыттың ҳәмелдарлары

15 Даўыт пүткил Израилда пат-
шалық етип, халқына туўры ҳәм
әдиллик пенен ҳүкимдарлық етти.
16 Серуя улы Иоаб сәркәрда, Ахилуд

улы Еҳошафат дийўанбеги болды.
17 Ахитуб улы Садоқ пенен Абиятар
улы Ахимелех руўханий, Серая хат-
кер еди. 18 Еҳояда улы Беная керет-
лер менен пелетлерден алынған тән
сақшылардың[a] сәркәрдасы еди. Ал
Даўыттың уллары руўханийлер еди.

### Даўыттың Мефибошетке жақсылық ислеўи

9 1 Бир күни Даўыт: «Шаулдың
хожалығынан тири қалған бар
ма? Мен Ионатанның ҳүрмети ушын
оған жақсылық қылар едим», – деди.
2 Шаулдың хожалығында Сиба
деген бир хызметши киси бар еди.
Оны Даўыттың алдына шақырып
келди. Патша оннан:
– Сиба деген сенбисең? – деп сорады.
Сиба оған:
– Аўа, Сиба деген қулыңыз мен
боламан, – деп жуўап берди.
3 Патша оған:
– Шаулдың хожалығынан аман
қалған адам бар ма? Мен оған
Қудай ушын жақсылық қыла-
йын, – деди.
Сиба патшаға:
– Ионатанның еки аяғы да майып
болып қалған бир улы бар, – деп
жуўап берди.
4 Патша оннан:
– Ол қай жерде? – деп сорады.
Сиба патшаға:
– Ол Ло-Дебардағы Аммиел улы
Махирдиң үйинде, – деп жуўап
берди.
5 Солай етип, Даўыт патша оны
Ло-Дебардан, Аммиел улы Махир-
диң үйинен алдырды.
6 Шаулдың ақлығы, Ионатанның
улы болған Мефибошет Даўытқа
келди ҳәм ет бетинен жығылып,
оған тәжим етти.
Даўыт:
– Мефибошет! – деди.
– Ләббәй, қулыңыз усы жерде, –
деп жуўап берди Мефибошет.
7 Даўыт оған:
– Қорқпа, мен әкең Ионатанның
ҳүрмети ушын саған жақсылық
қыламан. Атаң Шаулдың барлық
жерлерин саған қайтарып беремен.
Ал сен бәрқулла мениң дастурха-
нымнан аўқатланатуғын боласаң, –
деди.
8 Мефибошет тәжим қылып:
– Өли ийтке уқсаған мендей қу-
лыңызға жақсылық қылатуғындай,
мен ким болыппан? – деди.
9 Соңынан патша Шаулдың хыз-
метшиси Сибаны шақыртып алып,
оған былай деди:
– Бурын мырзаң Шаулға ҳәм оның
хожалығына тийисли болған нәр-
сениң ҳәммесин оның ақлығы
Мефибошетке бердим. 10 Енди мыр-
заңның ақлығы керекли азық-аўқат
пенен тәмийинлениўи ушын, сен
ҳәм сениң улларың менен қулларың
оның ушын жерди тәрбиялап, өним
алыңлар. Ал мырзаңның ақлығы
Мефибошет болса, бәрқулла ме-
ниң дастурханымнан аўқат жейди.
Сибаның он бес улы ҳәм жигир-
ма қулы бар еди.
11 Сиба патшаға:
– Тақсырым, қулыңыз болған мен
буйырғанларыңыздың ҳәммесин
орынлайман, – деди.

---

a **8:18** *Керетлер менен пелетлерден алынған тән сақшылар* – шет елден жал-лап алынған тән сақшылар болыўы мүмкин.

Мефибошет патшаның улла-
рының бири сыяқлы, патшаның
дастурханынан аўқат жейтуғын
болды. 12 Мефибошеттиң Миха де-
ген кишкене бир улы бар еди. Сол
ўақыттан баслап, Сибаның үйинде
жасайтуғын ҳәр бир адам Мефи-
бошетке хызмет ететуғын болды.
13 Мефибошет бәрқулла патшаның
дастурханынан аўқат жейтуғын
болғанлықтан, Ерусалимде жаса-
ды. Оның еки аяғы да майып еди.

## Даўыттың аммонлар менен арамларды жеңиўи

**10** 1 Арадан бир қанша ўа-
қыт өткеннен соң, Аммон
патшасы өлип, оның орнына улы
Ханун патша болды. 2 Сонда Да-
ўыт: «Әкесиниң маған жақсылық
еткени сыяқлы, мен де Нахаш улы
Ханунға жақсылық етейин», – деп
ойлап, әкесиниң өлимине кеўил
айтыў ушын, Ханунға хызметши-
лерин жиберди.

Даўыттың хызметшилери аммон-
лардың жерине барғанда, 3 аммон
басшылары өз мырзасы Ханунға:

– Даўыт бул адамларды әкеңиз-
диң ҳүрмети ушын сизге кеўил ай-
тыўға жиберген деп ойлайсыз ба?
Яқ, Даўыт оларды қаланы көзден
өткерип, билип алыў ҳәм қыйра-
тыў ушын сизге жиберген, – деди.

4 Солай етип, Ханун Даўыттың
хызметшилерин тутқынға алып,
олардың сақалларының ярымын
қырқтырды, шапанларын жам-
басына келетуғын етип кестирип,
оларды изине қайтарып жиберди.

5 Даўыт елшилери туўралы есит-
кенде, оларды күтип алыў ушын
адам жиберди. Өйткени елшилер
қатты хорланған еди. Патша олар-
ға: «Сақалыңыз өскенше, Ерихода
қалыңлар, соңынан қайтып келе-
сизлер», – деди.

6 Аммонлар Даўытты өзлерине
қарсы өшегистирип алғанын тү-
синди. Сонда адам жиберип, Бейт-
Рехоб пенен Собадан жигирма мың
арамлы пияда әскерди, Мааха пат-
шасы менен оның мың адамын ҳәм
Тоб аймағынан он еки мың адамды
жаллап алды. 7 Даўыт буны есит-
кенде, Иоабты ҳәм мәрт жаўын-
герлерден ибарат болған пүткил
әскерлер топарын оларға қарсы ат-
ландырды. 8 Аммонлар шығып, қа-
ла дәрўазасы алдында сап тартып
турды. Ал Рехоб пенен Собадан
келген арамлар, Тоб пенен Маа-
хадан келген адамлар менен бир-
ге далада бөлек сап тартып турды.

9 Иоаб душпан әскерлериниң ал-
дында да, артында да турғанын
көргенде, Израилдың ағла әскер-
леринен базыларын таңлап алып,
оларды арамларға қарсы сапқа тур-
ғызды. 10 Қалған топарларды ини-
си Абишайдың қолына тапсырды.
Абишай оларды аммонларға қар-
сы сапқа дизди. 11 Иоаб инисине
былай деди:

– Егер арамлар меннен басым кел-
се, сен маған жәрдемге келесең. Ал
аммонлар сеннен басым келсе, мен
саған жәрдемге бараман. 12 Мәрт
бол! Халқымыз ушын ҳәм Қудайы-
мыздың қалалары ушын мәртлер-
ше гүресейик. Жаратқан Ийе нени
мақул тапса, соны ислесин.

13 Иоаб әскерлери менен бир-
ге арамларға тәп бергенде, арам-
лар олардың алдына түсип қашты.
14 Арамлардың қашқанын көрген

аммонлар да Абишайдан қашып, қа-
лаға кирип кетти. Буннан кейин Ио-
аб аммонлар менен урысыўдан ўаз
кешип, Ерусалимге қайтып кетти.
15 Өзлериниң израиллылардан
жеңилгенин көрген арамлар бир
жерге топланды. 16 Соба патшасы
Ҳададезер хабар жиберип, Евфрат
дәрьясының арғы тәрепинде жа-
сайтуғын арамларды шақыртты.
Арамлар Ҳададезердиң сәркәрда-
сы Шобахтың басшылығында Хе-
ламға келди.
17 Бул Даўытқа мәлим болғанда,
ол пүткил Израил ордасын топла-
ды да, Иордан дәрьясын кесип өтип,
Хеламға барды. Арам әскерлери Да-
ўытқа қарсы сап тартып турды ҳәм
оның менен саўаш қылды. 18 Деген
менен, арамлар израиллылардың
алдына түсип қашты. Даўыт олар-
дың жети жүз саўаш арбасының ар-
бакешлерин, қырық мың арбалы
әскерин өлтирип, Ҳададезердиң
сәркәрдасы Шобахты жарақатла-
ды ҳәм ол саўаш майданында жан
тапсырды. 19 Ҳададезердиң қол ас-
тындағы ҳәмме патшалар өзлери-
ниң израиллылардан жеңилгенин
көргенде, израиллылар менен ты-
нышлық келисимин дүзип, оларға
бағынышлы болды. Буннан кейин,
арам халқы аммон халқына жәрдем
бериўден қорқып қалды.

### Даўыт ҳәм Бат-Шеба

11 1 Келеси жылы бәҳәрде, пат-
шалар урысқа шығатуғын
ўақытта, Даўыт өз әскербасыларын
ҳәм пүткил Израил әскерлерин
Иоабтың басшылығында урысқа
жиберди. Олар аммонларды қы-
рып таслап, Рабба қаласын қамал
қылды. Бирақ Даўыттың өзи Еру-
салимде қалған еди.
2 Бир күни кешке қарай Даўыт тө-
сегинен турды да, сарайдың үше-
гине шығып, арман-берман жүре
баслады. Ол сол жерден қарап, шо-
мылып атырған бир ҳаялды көр-
ди. Ҳаял жүдә сулыў еди. 3 Даўыт
ҳаялдың ким екенин билип келиў
ушын, адам жиберди.
Сол адам қайтып келип, ҳаялдың
Элиамның қызы, хет халқынан
болған Урияның ҳаялы Бат-Шеба
екенлигин айтты. 4 Даўыт ҳаялды
алып келиў ушын хызметшилерин
жиберди. Ҳаял Даўыттың алдына
келди. Даўыт етек киринен енди
тазаланған ҳаял менен жатты. Со-
ңынан ҳаял үйине қайтты. 5 Ҳаял
ҳәмиледар болып қалған еди. Сон-
лықтан ол Даўытқа: «Мен ҳәмиле-
дарман», – деп хабар жиберди.
6 Сонда Даўыт Иоабқа: «Хет хал-
қынан болған Урияны маған жи-
бер», – деген хабар жоллады. Иоаб
Урияны Даўыттың алдына жибер-
ди. 7 Урия алдына келгенде, Даўыт
оннан Иоаб пенен әскерлердиң жағ-
дайы ҳәм урыстың барысы ҳақ-
қында сорады. 8 Соңынан Урияға:
– Үйиңе барып, дем ал, – деди.
Урия сарайдан шыққаннан соң,
патша оның изинен сый жиберди.
9 Деген менен, Урия үйине қайтпай,
патшаның барлық хызметшилери
менен бирге сарай дәрўазасы ал-
дында уйықлады. 10 Даўытқа Урия-
ның үйине қайтпағаны ҳаққында
хабар жеткенде, Даўыт Урияны
шақыртып:
– Сен узақ ўақыт сыртта болдың-
ғо, неге үйиңе қайтпадың? – деп
сорады.

**11** Урия Даўытқа:
– Қудайдың сандығы да, Израил
ҳәм Яҳуда әскерлери де ордада қал-
ды. Сәркәрдам Иоаб пенен сизиң
адамларыңыз болса, қыр далада
түнеп атыр. Солай екен, ишип-жеп,
ҳаялым менен жатыў ушын, мен
үйиме бара аламан ба? Алдыңызда
ант ишип айтаман: мен ҳасла булай
ислемеймен, – деп жуўап берди.
**12** Сонда Даўыт Урияға:
– Бүгин де усы жерде қал, ертең
сени қайтарып жиберемен, – деди.
Урия сол күни Ерусалимде қал-
ды. Ертеңине **13** Даўыт Урияны ша-
қырып алып, ишкизип-жегизди
ҳәм оны мәс қылды. Бирақ кеште
Урия және үйине бармай, патша-
ның хызметшилери менен бирге
уйықлаў ушын бурынғы жатқан
орнына барды.
**14** Сонлықтан келеси күни азанда
Даўыт Иоабқа бир хат жазып, оны
Урияның қолына берип жиберди.
**15** Ол хатта былай деп жазған еди:
«Урияның жарадар болып өлиўи
ушын, оны саўаштың ең қызған
жерине қойып, бир өзин қалдыр».
**16** Солай етип, Иоаб қаланы қор-
шап алғанда, душпанлардың мәрт
әскерлериниң қай жерде турату-
ғынын билгенликтен, Урияны сол
жерге қойды. **17** Қала халқы шығып,
Иоабтың әскерлери менен саўашқа
түсти. Саўашта Даўыттың әскер-
леринен айырымлары қаза тап-
ты. Қазаланғанлар арасында хет
халқынан болған Урия да бар еди.
**18** Саўаштың барысы ҳаққында
хабарлаў ушын, Иоаб Даўытқа адам
жиберди. **19** Ол хабаршыға былай
деп буйырды:
– Сен саўаштың барысы ҳаққын-
да патшаға жеткергениңде, **20** пат-
ша ғәзепленип, саған: «Олар менен
урысыў ушын қалаға неге буншел-
ли жақынластыңыз? Олардың қала
дийўалынан оқ ататуғынын бил-
мейтуғын ба едиңиз? **21** Еруббе-
шеттиң[a] улы Абимелехти қалай
өлтиргенин билмейтуғын ба еди-
ңиз? Тебесте бир ҳаял дийўалдан
Абимелехтиң үстине дигирман та-
сын таслап жиберип, оны өлтир-
гени есиңизде жоқ па еди? Солай
екен, неге дийўалға буншелли жа-
қын бардыңлар?» – дегенде, сен
оған: «Хет халқынан болған қулы-
ңыз Урия да өлди», – деп айтарсаң.
**22** Хабаршы жолға шықты. Ол
Даўытқа барғанда, Иоабтың өзи-
не айтқанларының ҳәммесин оған
жеткизип былай деди:
**23** – Душпан бизлерден үстин
шықты. Олар қаладан шығып,
бизлер менен қыр далада урысты.
Бирақ бизлер оларды қала дәрўаза-
сына шекем қуўып бардық. **24** Сон-
да мергенлер сизиң адамларыңызға
қарай дийўалдан оқ атты. Патша-
ның адамларының айырымлары
қаза тапты, хет халқынан болған
қулыңыз Урия да қаза тапты.
**25** Даўыт хабаршыға:
– Иоабқа былай деп айт: «Болған
ўақыяға қапа болма. Саўашта ким-
ниң өлетуғынын билип болмайды.
Қалаға қарсы ҳүжимди күшейтип,
оны жер менен жексен қылыңлар».
Усы сөзлерди айтып, оған жигер
бер, – деди.

---

a **11:21** *Еруббешет* – Еруббаал яғный Гидеонның басқа аты. Бий 6:32; 7:1 қараң.

26 Урияның ҳаялы күйеўиниң қа-
за тапқанын еситип, ол ушын аза
тутты. 27 Аза тутыў ўақты тамам
болғанда, Даўыт ҳаялды сарайға
алдырды. Ҳаял Даўытқа турмысқа
шығып, оған бир ул туўып берди.
Бирақ Даўыттың бул иси
Жаратқан Ийениң нәзеринде жа-
ман ис болды.

### Натанның Даўытты әшкаралаўы

12 1 Жаратқан Ийе пайғамбар
Натанды Даўытқа жиберди.
Сонда Натан Даўытқа келип, бы-
лай деди:
– Бир қалада еки адам болыпты.
Олардың бириншиси бай, ал екин-
шиси кәмбағал екен. 2 Бай адамның
жүдә көп майда ҳәм ири маллары
бар екен. 3 Бирақ кәмбағалдың са-
тып алып, бағып атырған бир урға-
шы қозысынан басқа ҳеш нәрсеси
жоқ екен. Қозы кәмбағалдың үйин-
де балалары менен бирге өсипти.
Оның нанынан жеп, кесесинен суў
ишип, қойнында уйықлапты. Сол
адам ушын қозы өз қызындай еди.
4 Бир күни бай адамның үйине бир
жолаўшы келипти. Келген қонақ-
қа аўқат таярлаў ушын, өзиниң қой
ҳәм сыйырларынан бирин сойыўға
байдың көзи қыймай, кәмбағалдың
қозысын алып, қонағына аўқат та-
ярлап берипти.
5 Даўыттың бай адамға қатты ғә-
зеби келип, Натанға былай деди:
– Тири Жаратқан Ийе ҳақы ант
ишемен: бундай исти ислеген адам
өлимге ылайықлы! 6 Тас баўыр-
лық қылып, усындай исти ислеге-
ни ушын, қозыны төрт есе қылып
төлеўи тийис.
7 Сонда Натан Даўытқа былай
деди:
– Сол адам сизсиз! Израилдың
Қудайы Жаратқан Ийе былай дей-
ди: «Мен сени майлап, Израилға
патша етип қойдым ҳәм Шаулдың
қолынан қутқардым. 8 Мен саған
мырзаңның үйин бердим, ҳаялла-
рын да қойныңа салдым. Израил
ҳәм Яҳуда халқын да саған бердим.
Егер бул да аз болса, булардан да
көп нәрселерди берер едим. 9 Солай
екен, неге Мениң нәзеримде жаўыз
болған ислерди ислеп, сөзимди пи-
сент етпедиң? Хет халқынан бол-
ған Урияны қылыш пенен өлтирип,
ҳаялын өзиңе алдың. Аўа, сен оны
аммонлардың қылышы менен өл-
тирдиң. 10 Буннан былай, мәңгиге
сениң хожалығыңнан қылыш ары-
майды. Себеби сен Мени писент ет-
пей, хет халқынан болған Урияның
ҳаялын өзиңе ҳаяллыққа алдың».
11 Жаратқан Ийе және былай дей-
ди: «Саған өз хожалығың арқалы
жаманлық келтиремен. Сениң көз
алдыңда ҳаялларыңды алып, жа-
қынларыңның бирине беремен. Ол
күпә-күндиз ҳаялларыңның қой-
нына киреди. 12 Аўа, сен бул исти
жасырынша иследиң, бирақ Мен
буны пүткил Израил халқының көз
алдында күпә-күндиз ислеймен».
13 Даўыт Натанға:
– Мен Жаратқан Ийеге қарсы гү-
на иследим, – деди.
Натан оған:
– Жаратқан Ийе гүнаңыздан өт-
ти, сиз өлмейсиз. 14 Бирақ сиз бул
исиңиз арқалы Жаратқан Ийениң
душпанларына Оған тил тийгизиў-
ге жол қойып бердиңиз. Сол себеп-
ли сизиң туўылған перзентиңиз

өледи, – деп жуўап берди. 15 Соңы-
нан Натан үйине қайтты.

Жаратқан Ийе Урияның ҳая-
лының Даўыттан туўған баласын
аўыр кеселге дуўшар етти. 16 Да-
ўыт Қудайға бала ушын жалба-
рынып, ораза тутты. Үйине келип,
жерде жатқан ҳалда түнлерди өт-
керди. 17 Сарай ақсақаллары Да-
ўытты жерден турғызыў ушын
келгенде, ол турыўды қәлемеди ҳәм
олар менен бирге аўқат та жемеди.
18 Жетинши күни бала шетнеди.
Хызметшилери Даўытқа баланың
шетнегени ҳаққында хабарлаўға
қорқты. Олар: «Бала тири ўақыт-
та, бизлер оның менен сөйлескен
едик, бирақ ол бизлерге қулақ ас-
пады. Енди баланың шетнегенин
оған қалай айтамыз? Ол өзине қан-
дай да бир жаман нәрсе ислеп қо-
яр», – деп сыбырласты.
19 Даўыт хызметшилериниң өз
ара сыбырласып атырғанын көр-
генде, баланың шетнегенин түсин-
ди. Ол хызметшилеринен:
– Бала қайтыс болды ма? – деп
сорады.
Олар Даўытқа:
– Аўа, қайтыс болды, – деп жу-
ўап берди.
20 Сонда Даўыт орнынан ту-
рып, жуўынды. Үстине әтир жа-
ғып, кийимлерин алмастырды ҳәм
Жаратқан Ийениң Үйине барып,
сыйынды. Соңынан үйине қайтып
келип, өзине аўқат берилиўин бу-
йырды ҳәм алдына қойылған аў-
қатты жеди. 21 Хызметшилери оған:
– Бул исиңизди қалай түсинсек
болады? Бала тири ўақтында ораза
тутып, жыладыңыз. Ал ол өлген-
нен кейин, орныңыздан турып, аў-
қат жедиңиз, – деди.
22 Даўыт оларға былай деп жу-
ўап берди:
– Аўа, бала тири ўақтында ораза
туттым, жыладым. Себеби: «Ким
биледи, Жаратқан Ийе маған мий-
римин түсирип, бала жасап ке-
тер», – деп ойлаған едим. 23 Бирақ
енди бала өлди. Солай екен, ораза
тутыўымның не кереги бар? Оны
қайтара алар ма едим? Мен оның
жанына бараман, бирақ ол мениң
жаныма қайтып келмейди.

### Сулайманның туўылыўы

24 Даўыт ҳаялы Бат-Шебаны жу-
батты ҳәм жанына кирип, оның
менен жатты. Бат-Шеба ул туўды
ҳәм оның атын Сулайман деп қой-
ды. Жаратқан Ийе баланы сүйген-
ликтен, 25 Натан пайғамбарды оған
жиберди. Натан Жаратқан Ийениң
сөзи бойынша балаға Едидия[a] деп
ат қойды.
26 Сол ўақытлары аммонлардың
Рабба қаласына қарсы саўаш жүр-
гизип атырған Иоаб патша сарайы
жайласқан қорған қаланы қолға
киргизди. 27 Соңынан Иоаб Да-
ўытқа хабаршылар жиберип былай
деди: «Мен Рабба қаласына ҳүжим
қылып, оның суў тармағын қолға
киргиздим. 28 Енди сиз қалған әс-
керлерди баслап келиң де, қаланы
қоршап алып, оны қолға киргизиң.
Егер қаланы мен басып алсам, қала
мениң атым менен аталып кетер».
29 Даўыт пүткил әскерлерин топ-
лап, Рабба қаласына кетти ҳәм

---

a **12:25** *Едидия* – «Жаратқан Ийениң сүйиклиси» дегенди билдиреди.

қалаға ҳүжим жасап, оны қолға
киргизди. 30 Даўыт олардың пат-
шасының басындағы тажды ал-
ды. Ҳасыл таслар менен безелген,
аўырлығы бир талант[a] келетуғын
алтын таж Даўыттың басына кий-
гизилди. Даўыт қаладан көп муғ-
дарда олжа да алып қайтты. 31 Ол
қала халқын сыртқа шығарып,
оларды жарғы, шөккиш ҳәм балта
менен жумыс ислеўге, гербиш таяр-
лаўға мәжбүр етти. Даўыт аммон-
лардың қалаларының ҳәммесинде
усылай иследи. Соңынан Даўыт
пүткил әскерлерин ертип, Еруса-
лимге қайтты.

### Амнон ҳәм Тамара

**13** 1 Даўыттың улы Абшалом-
ның Тамара деген бир су-
лыў қарындасы бар еди. Даўыттың
басқа ҳаялынан болған улы Амнон
Тамараны сүйип қалды. 2 Амнон
қарындасы Тамара себепли азап
шегип, аўырып қалды. Себеби
Тамара пәк қыз болғанлықтан,
Амнон ушын қызға бир нәрсе ис-
леў мүмкиншилигин табыў қыйын
еди. 3 Бирақ Амнонның Ионадаб
деген жорасы бар еди. Ионадаб
Даўыттың әжағасы Шимеаның
улы болып, ол жүдә ҳийлекер еди.
4 Бир күни Ионадаб Амноннан:
– Ҳәй, патшаның улы, неге күн-
нен-күнге азып баратырсаң? Ма-
ған себебин айтпайсаң ба? – деп
сорады.
Амнон оған:
– Туўысқаным Абшаломның қа-
рындасы Тамараны сүйип қал-
дым, – деп жуўап берди.
5 Ионадаб оған:
– Төсекке жатып алып, өзиңди
аўырып атырғандай етип көрсет.
Әкең сени көриў ушын келгенде,
оған: «Аға, өтиниш, қарындасым
Тамара келип, маған аўқат писирип
берсин. Аўқатты көз алдымда пи-
сирсин, оны көрип, қолынан аўқат
жейин», – деп айт, – деди.
6 Солай етип, Амнон төсекке
жатып алып, өзин аўырып атыр-
ғандай етип көрсетти. Патша оны
көриўге келгенде, Амнон патшаға:
– Аға, өтиниш, қарындасым Тама-
ра келип, көз алдымда бир-еки та-
ба нан писирип берсин. Мен оның
қолынан нан жейин, – деди.
7 Сонда Даўыт сарайда жасап
атырған Тамараға: «Әжағаң Амнон-
ның үйине барып, оған жейтуғын
бир нәрсе писирип бер», – деп хабар
жиберди. 8 Тамара әжағасы Амнон-
ның үйине кетти. Ол төсекте жа-
тырған еди. Тамара қамыр ийлеп,
оның үйинде таба нан писирди.
9 Соңынан табаны алып, нанды
Амнонның дастурханына қойғанда,
ол жегиси келмеди. Сонда Амнон
үйдегилерге:
– Қасымнан ҳәмме шығып кет-
син, – деп буйырды. Ҳәмме шы-
ғып кетти. 10 Буннан кейин, Амнон
Тамараға:
– Аўқатты жататуғын бөлме-
ме алып кел, мен сениң қолың-
нан аўқат жейин, – деди. Тамара
өзи писирген нанларды әжағасы
Амнонның жататуғын бөлмеси-
не апарды. 11 Жесин деп, Тамара
нанды Амнонға жақынлатқанда,
ол Тамараны услап алып:

---

a **12:30** *Бир талант* – шама менен 34 кг.

– Қарындасым, кел, мениң менен
жат, – деди.
12 Бирақ Тамара оған былай деди:
– Яқ, әжаға, мениң намысыма
тийме. Израилда бундай ис ис-
ленбейди. Бундай ақылсызлықты
islеме. 13 Усындай шерменделик-
тен кейин, мен қалай бас көтерип
жүре аламан? Ал сен Израилдағы
ақмақ адамлардың бири болып
қаласаң. Өтинемен, патша менен
сөйлес, ол сениң маған үйлениўи-
ңе қарсы болмайды. 14 Деген менен,
Амнон Тамараға қулақ салғысы
келмеди. Ол қыздан күшлирек бол-
ғанлықтан, қызды зорлап, намы-
сына тийди.
15 Соннан соң, Амнонның Тама-
раны жек көргенлиги соншелли,
оның жек көриўшилиги бурын бол-
ған муҳаббатынан да күшлирек
болды. Амнон Тамараға:
– Тур, жоқ бол! – деди.
16 Тамара Амнонға:
– Яқ, мени қуўыўың – бул би-
ринши ислеген жаманлығың-
нан да аўырырақ, – деди. Бирақ
Амнон оған қулақ салғысы келме-
ди. 17 Амнон хызметши жигитин
шақырып оған:
– Мына биреўди бул жерден қу-
ўып жибер де, артынан қапыны
жаўып тасла, – деди. 18 Жигит Та-
мараны сыртқа шығарып, изинше
қапыны жаўды. Тамараның үстин-
де узын, жеңи де узын нағыслы ки-
йим бар еди. Патшаның турмысқа
шықпаған қызлары усылай кийи-
нетуғын еди. 19 Тамара басына күл
шашып, үстиндеги узын жеңли ки-
йимин жыртып таслады. Ол қолла-
ры менен басын услап, дад салып,
еңиреўи менен кетти.
20 Әжағасы Абшалом қызға:
– Сениң менен бирге болған әжа-
ғаң Амнон ба еди? Енди сестиңди
шығарма, қарындасым. Ол сениң
әжағаң-ғо. Бул ўақыяға қапа бол-
ма, – деди.
Солай етип, Тамара әжағасы
Абшаломның үйинде жалғыз ҳәм
муңлы жасады.
21 Даўыт патша болып өткенлер
ҳаққында еситип, қатты ғәзеплен-
ди. 22 Абшалом Амнонға жақсы да,
жаман да сөз айтпады. Өйткени ол
қарындасы Тамараның намысына
тийгени ушын, Амнонды жек кө-
рип қалған еди.

### Абшаломның Амнонды өлтириўи

23 Еки жылдан кейин, Абшалом
патшаның барлық улларын өзи-
ниң қойын қырқтырып атырған
жерге, Эфрайым қаласына жақын
жердеги Баал-Хасорға шақырды.
24 Абшалом патшаға келип:
– Мен қойларымды қырқтырып
атырман. Өтинемен, өзиңиз де,
хызметшилериңиз де мениң менен
бирге сол жерге барсаңыз, – деди.
25 Даўыт патша оған:
– Яқ, улым, егер бизлер ҳәммемиз
барсақ, саған жүк боламыз, – деди.
Абшалом қатты жалынса да, пат-
шаның барғысы келмеди, бирақ
баласына пәтия берди.
26 Сонда Абшалом патшаға:
– Онда әжағам Амнонның бизлер
менен бирге барыўына рухсат бе-
риң, – деди.
Патша оннан:
– Амнон неге сениң менен барыўы
керек? – деп сорады. 27 Бирақ Аб-
шалом жалына бергеннен кейин,

патша Амнонды ҳәм басқа улла-
рының ҳәммесин оның менен бир-
ге жиберди.
28 Абшалом хызметшилерине бы-
лай деп буйырды:
– Амноннан көз үзбеңлер! Ол
шарап ишип, мәс болған ўақыт-
та, мен сизлерге: «Амнонды өл-
тириң», – деп айтаман. Сонда оны
өлтириңлер. Қорқпаңлар! Сизлер-
ге буйрықты мен берип атырман.
Күшли ҳәм мәрт болыңлар!
29 Хызметшилер Абшаломның
буйрығын орынлап, Амнонды өл-
тирди. Сонда патшаның басқа ул-
лары ғашырларына минип, қашып
кетти.
30 Олар жолда киятырғанда, Да-
ўытқа: «Абшалом патшаның бар-
лық улларын өлтирипти, олардың
бирде биреўи тири қалмапты», –
деген хабар жетип келди. 31 Пат-
ша орнынан турды да, кийимлерин
жыртып, өзин жерге таслады.
Оның жанындағы барлық хызмет-
шилери де кийимлерин жыртты.
32 Сонда Даўыттың әжағасы Ши-
меаның улы Ионадаб былай деди:
– Тақсыр, ҳәмме улларымнан айы-
рылып қалдым деп ойламаңыз. Тек
Амнон өлди. Себеби ол қарындасы
Тамараның намысына тийгеннен
бери, Абшалом Амнонды өлтириў-
ди ойлап жүрген еди. 33 Сонлықтан
тақсыр, ҳәмме улларыңыз өлди, де-
ген хабардан тәшиўишленбең. Тек
жалғыз Амнон ғана өлди.
34 Сол арада Абшалом қашып
кетти.
Гүзетши жигит төбешиктиң ба-
тыс жолынан үлкен бир аламанның
киятырғанын көрди. 35 Ионадаб
патшаға:
– Әне, улларыңыз киятыр. Қулы-
ңыздың айтқанындай болды, – де-
ди. 36 Ол айтып болар-болмастан,
патшаның уллары жетип келди де,
дад салып жылай баслады. Патша
да, хызметшилери де қатты өки-
рип жылады.
37 Ал Абшалом қашып, Гешур пат-
шасы Аммиҳуд улы Талмайдың жа-
нына барды. Даўыт улы Амнон ушын
узақ ўақыт аза тутты. 38 Гешурға
қашқан Абшалом ол жерде үш жыл
болды. 39 Патша Даўыттың Амнон-
ның қазасына қайғысы басылып,
енди Абшаломды сағына баслады.

## Абшаломның Ерусалимге қайтып келиўи

**14** 1 Серуя улы Иоаб патшаның
Абшаломды сағынып жүр-
генин билди. 2 Ол биреўди жибе-
рип, Теқоада жасайтуғын ақыллы
бир ҳаялды алдырды. Иоаб ҳаялға:
– Аза кийимлериңди кийип, өзиң-
ди аза тутып жүрген адам сыяқлы
көрсет. Әтир де жақпай, өзиңди узақ
ўақыттан бери өлини азалап жүр-
ген сыяқлы тут. 3 Кейин патшаға
барып, оған мениң усы сөзлерим-
ди жеткиз, – деди де, Иоаб ҳаялға
нелерди айтыў кереклигин үйретти.
4 Солай етип, теқоалы ҳаял пат-
шаға барды. Ол патшаның алдында
ет бетинен жығылып, тәжим етип,
патшаға:
– Тақсыр, маған жәрдем бериң, –
деди.
5 Патша оннан:
– Не болды? – деп сорады.
Ҳаял патшаға былай деп жуўап
берди:
– Мен бир бахытсыз жесир ҳа-
ялман. Күйеўим өлип қалды.

6 Шорыңыз болған мениң еки улым
бар еди. Олар атызда төбелесип қа-
лыпты. Оларды айыратуғын ҳеш
ким болмағаннан соң, биреўи бире-
ўин урып, өлтирип қойыпты. 7 Ен-
ди пүткил тийре шорыңыз болған
маған қарсы шығып: «Туўысқанын
өлтирген адамды бизлердиң қолы-
мызға бер. Туўысқанын өлтиргени
ушын оны өлтирип, усылайынша
мийрасхорды да жоқ қыламыз», –
деп атыр. Солай етип, жер бетин-
де күйеўимниң атын ҳәм урпағын
даўам еттиретуғын туяқ қалдыр-
маў ушын, олар мениң ошағым-
дағы қалған шоқты да өширежақ.
8 Патша ҳаялға:
– Үйиңе қайта бер, бул исти сениң
пайдаңа шешип беремен, – деди.
9 Сонда теқоалы ҳаял патшаға:
– Тақсыр! Бул ўақыяға мен ҳәм
мениң әкемниң хожалығы айып-
лы болсын. Патша ҳәм оның тахты
айыпсыз болсын, – деди.
10 Патша ҳаялға:
– Биреў саған қарсы бир нәрсе де-
се, оны маған алып кел. Ол қайтып
саған тиймейтуғын болады, – деди.
11 Ҳаял патшаға:
– Олай болса, өш алыўшы әмең-
герлер исин гүжитип, улымды
өлтирип қоймаўы ушын, патша,
Қудайыңыз Жаратқан Ийе ҳақы
ант ишсеңиз, – деди.
Патша ҳаялға:
– Тири Жаратқан Ийениң аты ме-
нен айтаман: улыңның бир тал ша-
шы да түспейди, – деди.
12 Ҳаял патшаға:
– Тақсыр, шорыңыз болған маған
және бир сөз айтыўға рухсат бер-
сеңиз, – деди.
– Айт, – деди патша.
13 Ҳаял сөзин даўам етип былай
деди:
– Не ушын сиз Қудайдың халқы-
на қарсы булай ислеп атырсыз?
Патша, сиз усы гәпиңиз арқалы
өзиңиз өзиңизди айыплап атыр-
сыз. Өйткени өзиңиз қуўғын қыл-
ған адамды қайтармай атырсыз.
14 Жерге төгилген суўды қайтып
жыйнаў мүмкин болмағаны сы-
яқлы, ҳәммемиз де дүньядан өтип
кетемиз. Бирақ Қудай жанды на-
быт қылыўды қәлемейди. Ол қуў-
ғын қылынған адамның Өзинен
узақ кетпеўи ушын шара излей-
ди. 15 Халық мени қорқытқаны
себепли, тақсырыма усыларды
айтып бериў ушын келдим. Мен
өзимше: «Патша менен сөйлесейин,
бәлким, ол шорысының тилегин
орынлар. 16 Сөзлериме қулақ асып,
мени ҳәм улымды өлтирмекши
болып, Қудайдың берген мийра-
сынан айырыўды қәлегенлердиң
қолынан қутқарар, 17 тақсырым-
ның сөзи мени тынышландырар», –
деп ойладым. Себеби сиз, тақсыр,
жақсы менен жаманды айырыўда
Қудайдың периштеси сыяқлысыз.
Сизге Қудайыңыз Жаратқан Ийе
яр болсын!
18 Патша ҳаялға:
– Сеннен бир нәрсе сорайын, би-
рақ меннен ҳеш нәрсени жасыр-
ма, – деди.
Ҳаял патшаға:
– Сораң, тақсыр, – деп жуўап
берди.
19 Патша ҳаялдан:
– Бул ислердиң ҳәммесинде Ио-
абтың қолы бар ма? – деп сорады.
Ҳаял патшаға былай деп жуўап
берди:

– Тақсыр, алдыңызда ант ишип
айтаман: сизден ҳеш нәрсени жа-
сырыў мүмкин емес. Аўа, маған
буйрық берген ҳәм шорыңыз-
ға усы сөзлердиң ҳәммесин үй-
реткен қулыңыз Иоаб болады.
20 Жағдайды өзгертиў ушын, қу-
лыңыз Иоаб буны ойлап тапқан
еди. Тақсыр, сиз Қудайдың бир
периштеси сыяқлы дана болып,
елдеги ўақыялардың ҳәммеси-
нен хабардарсыз.
21 Сонда патша Иоабты шақыр-
тып, оған:
– Мейли, тилегиңди орынлайман.
Барып, жас жигит Абшаломды қай-
тарып алып кел, – деди.
22 Иоаб ет бетинен жерге жығы-
лып, патшаға тәжим етти ҳәм оған
миннетдаршылық билдирип:
– Тақсыр, бүгин меннен кеўлиңиз
толғанын билип турман. Себеби
сиз қулыңыздың тилегин орын-
ладыңыз, – деди.
23 Соңынан Иоаб Гешурға барып,
Абшаломды Ерусалимге алып кел-
ди. 24 Бирақ патша:
– Абшалом үйине кетсин, мениң
алдыма келмесин, – деп буйрық
берди. Сонлықтан Абшалом пат-
шаны көрмей, өз үйине кетти.
25 Пүткил Израилда сын-сым-
баты бойынша Абшалом сыяқлы
мақтаўы артқан адам жоқ еди. Ол
басынан аяғына шекем минсиз
еди. 26 Абшаломға шашы аўыр-
лық қылатуғын болғанлықтан, ол
ҳәр жылы шашын кестиретуғын
еди. Ол шашын кестирген ўақыт-
та өлшететуғын еди. Оның ша-
шының аўырлығы патшалықтағы
өлшем бирлиги бойынша өлше-
генде, еки жүз шекел[a] шығату-
ғын еди. 27 Абшаломның үш улы
ҳәм Тамара деген сулыў бир қы-
зы бар еди.
28 Абшалом Ерусалимде еки жыл
жасаса да, патшаны көре алмады.
29 Соңынан ол патшаға жибериў
ушын Иоабты шақыртты. Бирақ
Иоаб Абшаломға келиўди қәлеме-
ди. Абшалом екинши рет шақырт-
ты, бирақ Иоабтың және келгиси
келмеди. 30 Сонда Абшалом қул-
ларына:
– Минекей, Иоабтың арпа атызы
меникиниң жанында тур. Барып,
атызға от бериң, – деди. Хызмет-
шилер барып, Иоабтың атызына
от берди.
31 Иоаб орнынан турды да, Аб-
шаломның үйине барып:
– Қулларың не ушын атызыма от
берди? – деп сорады.
32 Абшалом оған былай деди:
– Минекей, мен сени патшаның
алдына жибериў ушын, усы жерге
келиўиңди айтып, адам жоллаған
едим. Сен арқалы патшаға: «Ге-
шурдан не ушын келдим? Ол жер-
де қалғаным мен ушын жақсырақ
болар еди», – деп айтпақшы едим.
Енди мен патшаны көргим келе-
ди. Егер айыплы болсам, мени өзи
өлтирсин.
33 Сонда Иоаб барып, Абшалом-
ның сөзлерин патшаға жеткизди.
Патша Абшаломды шақыртты. Аб-
шалом патшаның алдына келди де,
оның алдында ет бетинен жерге
жығылып, тәжим етти. Патша Аб-
шаломды сүйди.

---

a **14:26** *Еки жүз шекел* – бир шекел шама менен 11 гр.

## Абшаломның Даўытқа қарсы бас көтериўи

**15** 1 Буннан соң, Абшалом
өзине бир саўаш арбасын,
атлар ҳәм алдында жуўырып жүре-
туғын елиў сақшы таярлады. 2 Ол
азанда ерте турып, қала дәрўаза-
сына баратуғын жол бойында ту-
ратуғын еди. Өз арзын тыңлатып,
ҳүким шығартыў ушын патшаға
келген ҳәр бир адамды шақырып
алып, оннан: «Қайсы қаладан-
саң?» – деп сорайтуғын еди. Сол
адам Израилдың қайсы урыўынан
келгенин айтатуғын еди.

3 Сонда Абшалом сол адамға:
«Қара, сениң даўа исиң туўры ҳәм
әдил. Бирақ патшаның жанында
сени тыңлаў ушын тайынланған
ҳеш ким жоқ», – дейтуғын еди. 4 Со-
ңынан: «Қәнекей, енди мени елге
қазы қылып қойса, даўа-арзы ме-
нен келген ҳәр бир адамның исин
әдалатлық пенен шешер едим», –
деп қосып қоятуғын еди. 5 Егер би-
реў Абшаломға тәжим етиў ушын
жақынласса, ол сол адамға қолын
созатуғын ҳәм оны қушақлап, сүйе-
туғын еди. 6 Абшалом патшаға арыз
қылып келген израиллылардың ҳәр
бирине усылай қатнас жасайтуғын
еди. Солай етип, ол израиллылар-
дың кеўлин өзине аўдырып алды.

7 Арадан төрт жыл* өткеннен соң,
Абшалом патшаға былай деди:

– Мениң Хеброնға барып,
Жаратқан Ийеге берген ўәдемди
орынлап келиўиме рухсат берсе-
ңиз. 8 Себеби қулыңыз болған мен
Арам үлкесиндеги Гешурда жасап
атырғанымда: «Егер Жаратқан Ийе
мени Ерусалимге қайтарса, онда
мен Хебронға барып, Оған сыйы-
наман», – деп ўәде берген едим.

9 Патша оған:

– Аман-есен кете бер, – деди.

Ол орнынан турып, Хебронға кет-
ти. 10 Абшалом Израилдың пүткил
урыўларына жасырын түрде хабар-
шылар жиберип, оларға: «Кәрнай
даўысын еситиўден-ақ: „Абшалом
Хебронда патша болды“, – деп ай-
тыңлар», – деди. 11 Ерусалимнен
мирәт етилген еки жүз адам болып
өткен ўақыялардан бийхабар ҳал-
да, жақсы нийет пенен Абшаломға
ерип кетти. 12 Абшалом қурбанлық
шалып атырып, Даўыттың мәсләҳәтшиси гилолы Ахитофелди де
Гило қаласынан алдыртты. Усы-
лайынша қозғалаң күшейе бер-
ди. Өйткени Абшаломның изине
ергенлердиң саны көбейип атыр-
ған еди.

## Даўыттың Ерусалимнен қашыўы

13 Бир хабаршы Даўытқа келип:

– Израиллылардың кеўли Абша-
ломға аўып кетти, – деди. 14 Сонда
Даўыт Ерусалимде өзи менен бирге
болған барлық хызметшилерине:

– Турыңлар, қашайық! Болмаса,
Абшаломнан қашып қутыла алмай-
сыз. Дәрҳал кетип қалмасақ, Аб-
шалом изимизден тез жетип алып,
бәлеге дуўшар етер, қаланы да қы-
лыштан өткерер, – деди.

15 Патшаның хызметшилери:

– Тақсыр, сиз қандай қарарға кел-
сеңиз, бизлер орынлаўға таярмыз, –
деп жуўап берди.

16 Солай етип, патша пүткил са-
рай халқын изине ертип, жолға
шықты. Ал сарайға қарап турыўы

ушын, он тоқалын сол жерде қал-
дырды. 17 Патша ҳәм оның изи-
не ерген пүткил халық қаланың
ең шетиндеги үйдиң жанына ке-
лип, тоқтады. 18 Сол жерден баслап,
барлық хызметшилери, керетлер
менен пелетлерден алынған тән
сақшылар ҳәм Гаттан өзине ерип
келген гатлы алты жүз әскер пат-
шаның алдынан жүрип өтти.
19 Патша гатлы Иттайға былай
деди:
– Неге сен де бизлер менен кия-
тырсаң? Изиңе қайтып, жаңа патша
менен қал. Өйткени сен ўатаның-
нан қуўылған бир жат еллисең.
20 Сен кеше келгенсең. Бүгин қай
жерге барарымды өзим билмей
турып, сени де сергиздан қыла-
йын ба? Изге қайт, әскерлериңди
де өзиң менен алып қайт. Қудай-
дың сүйиспеншилиги ҳәм садық-
лығы саған яр болсын!
21 Бирақ Иттай патшаға:
– Тақсыр, тири Жаратқан Ийе ҳа-
қы алдыңызда ант ишип айтаман:
өлим ушын болса да, өмир ушын
болса да, сиз қай жерде болсаңыз,
қулыңыз болған мен де сол жерде
боламан, – деп жуўап берди.
22 Даўыт Иттайға:
– Яқшы, онда алдыға өтип, жүре
бер, – деди.
Солай етип, гатлы Иттай ҳәм
оның жанындағы ҳәмме адамлар
бала-шағалары менен бирге жолын
даўам етти. 23 Халық кетип бара-
тырғанда, әтирафтағы пүткил ел
зар-зар жыласты. Патша Кидрон
сайынан өтти. Пүткил халық шө-
листанлыққа қарай жол алды.
24 Руўханий Садоқ пенен Қудай-
дың Келисим сандығын көтерген
лебийлилер де сол жерде еди. Олар
Қудайдың сандығын жерге қойды.
Пүткил халық қаладан шығып бол-
ғанша, руўханий Абиятар төбешик-
ке көтерилип, оларды күтип турды.
25 Соңынан патша Садоққа бы-
лай деди:
– Қудайдың сандығын қалаға қай-
тарып алып бар. Егер Жаратқан
Ийениң маған мийрими түскен
болса, Ол мени изиме қайтарып,
сандықты ҳәм сандық туратуғын
орынды маған көрсетер. 26 Егер Ол
маған: «Саған кеўлим толмады», –
десе, онда мен таярман. Ол маған
мақул көргенин ислесин.
27 Патша сөзин даўам етип, руў-
ханий Садоққа былай деди:
– Жағдайды көрип турған жоқсаң
ба? Улың Ахимаасты ҳәм Абиятар-
дың улы Ионатанды жаныңа ал да,
Абиятар менен бирге аман-есен қа-
лаға қайт. 28 Сизлерден анық бир
хабар алмағанымша, мен Иордан
тегислигинде, дәрьяның өткелин-
де күтип тураман.
29 Солай етип, Садоқ пенен Абия-
тар Қудайдың сандығын Еруса-
лимге қайтарып апарып, сол жерде
қалды. 30 Ал Даўыт болса, жылап-
еңиреп Зәйтүн таўына көтериле
берди. Ол басын орап алып, жа-
лаңаяқ кетип баратыр еди. Оның
жанындағы адамлардың ҳәммеси
де басларын орап алып, жылап-
еңиреп таўға шығып баратыр еди.
31 Сол арада биреў Даўытқа:
– Ахитофел де Абшаломның тә-
репин алған тил бириктириўшилер
арасында екен, – деп хабарлады.
Сонда Даўыт: «Жаратқан Ийе,
Ахитофелдиң кеңесин жоққа шы-
ғара гөр!» – деп дуўа етти.

32 Даўыт Қудайға сыйынатуғын
таўдың төбесине жетип барғанда,
Арк тийресинен болған Хушай ки-
йими жыртылған, басына топырақ
шашылған ҳалда оны қарсы алды.
33 Даўыт оған былай деди:
– Мениң менен бирге кетсең,
маған жүк боласаң. 34 Егер қа-
лаға қайтып барсаң, Абшаломға:
«Тақсыр, сизиң қулыңыз болмақ-
шыман. Бурын әкеңизге қандай
хызмет еткен болсам, сизге де
солай хызмет етемен», – деп ай-
тарсаң. Усылай сен Ахитофелдиң
мәсләҳәтин мениң ушын босқа
шығарасаң. 35 Рууханийлер Садоқ
пенен Абиятар сол жерде сениң
менен бирге болады. Патшаның
сарайында еситкенлериңниң ҳәм-
месинен оларды хабардар етип тур.
36 Садоқтың улы Ахимаас пенен
Абиятардың улы Ионатан да сол
жерде. Еситкенлериңниң ҳәмме-
син олар арқалы маған жеткерип
турасаң.
37 Солай етип, Даўыттың досты-
сы Хушай Ерусалимге кетти. Сол
ўақытта Абшалом да Ерусалимге
кирип киятырған еди.

### Даўыт ҳәм Сиба

16 1 Даўыт таўдың төбесинен
арман қарай бираз түскен-
де, Мефибошеттиң хызметшиси
Сиба қосақланған еки ешекке еки
жүз нан, кептирип нығызланған
кишмиштен жүз дана, таза пискен
мийўеден жүз дана ҳәм бир мес
шарап жүклеп, Даўыттың алдынан
шықты. 2 Патша Сибадан:
– Буларды не ушын алып кел-
диң? – деп сорады.
Сиба оған:
– Ешеклер патша хожалығында-
ғылардың миниўи ушын, нан менен
таза мийўелер хызметшилериңиз-
диң жеўи ушын, ал шарап шөл-
де ҳалдан тайғанлардың ишиўи
ушын, – деп жуўап берди.
3 Патша оннан:
– Мырзаң Шаулдың ақлығы қа-
якта? – деп сорады.
Сиба оған:
– Мефибошет Ерусалимде қалды.
Себеби ол: «Израил халқы бүгин
атамның патшалығын маған қай-
тарып береди», – деп айтып атыр, –
деп жуўап берди.
4 Сонда патша оған:
– Мефибошеттиң ҳәмме нәрсеси
сеники болады, – деди.
Сиба патшаға тәжим етип:
– Қуллық, тақсыр! Маған бәрқул-
ла кеўлиңиз толғай! – деди.

### Даўыт ҳәм Шимей

5 Даўыт патша Бахуримге же-
тип барғанда, Шаулдың тийреси-
нен болған Гераның улы Шимей
ғарғаныўы менен оның алдынан
шықты. 6 Пүткил әскерлери ҳәм
мәрт жаўынгерлери Даўыт патша-
ның оң ҳәм шеп жағында турғаны-
на қарамастан, Шимей Даўытқа
ҳәм оның хызметшилерине тас
ылақтырды. 7 Шимей былай деп
ғарғанды:
– Жоқ бол, кет. Ҳәй, қанхор, оңба-
ған адам! 8 Сен орнына патша бол-
ған Шаулдың үй-ишинде төгилген
қанлардың қунын Жаратқан Ийе
сеннен өндирип атыр. Ол патша-
лықты улың Абшаломға берди. Сен
қанхор болғаның ушын, бул бәле-
ге жолықтың.
9 Серуя улы Абишай патшаға:

– Бул өли көпек неге тақсырымды
ғарғайды екен? Рухсат бериң, ба-
сын үзип таслайын, – деди.
10 Бирақ патша оған:
– Серуя уллары, буның менен сиз-
лердиң жумысыңыз болмасын!
Жаратқан Ийе оған: «Даўытты ғар-
ға», – дегени ушын ғарғап атыр-
ған болса, ким оннан: «Неге булай
ислеп атырсаң?» – деп сорай ала-
ды? – деди.
11 Кейин Даўыт Абишайға ҳәм
хызметшилерине былай деди:
– Өз улым мени өлтирмекши бо-
лып турғанда, мына беняминли
оннан бетерин ислемей ме? Оны
тынышына қойыңлар, ғарғай бер-
син. Өйткени буны оған Жаратқан
Ийе айтқан. 12 Бәлким, Жаратқан
Ийе мениң хорланып атырғаным-
ды көрип, бүгинги ғарғыслар ор-
нына жақсылық қайтарар.
13 Даўыт адамлары менен бир-
ге жолын даўам етти. Ал Шимей
Даўыттың қапталында, таўдың
жанбаўырында жүрип оны ғарға-
ды, оған тас атып, топырақ шашты.
14 Иордан дәрьясындағы өткелге
шаршап жеткен патша ҳәм оның
жанындағы халық сол жерде дем
алды.

### Хушай менен Ахитофелдиң кеңеслери

15 Сол арада Абшалом ҳәм оның
израиллы пүткил тәрепдарлары
Ерусалимге келди. Ахитофел де
Абшалом менен бирге еди. 16 Сон-
да Даўыттың достысы Арк тийре-
синен болған Хушай Абшаломның
жанына барып:
– Жасасын патша! Жасасын пат-
ша! – деп бақырды.
17 Абшалом Хушайдан:
– Достыңа садықлығың усы ма?
Не ушын достың менен кетпедиң? –
деп сорады.
18 Хушай оған былай деп жуўап
берди:
– Яқ, мен Жаратқан Ийениң, мына
халықтың ҳәм пүткил израиллылар-
дың таңлаған адамы тәрепинде бо-
лып, оның жанында қаламан. 19 Енди
мен Даўыттың улы Абшаломнан бас-
қа кимге хызмет қыламан? Әкеңиз-
ге қалай хызмет еткен болсам, сизге
де солай хызмет етемен.
20 Сонда Абшалом Ахитофел-
ге қарап:
– Не ислейик, бизлерге кеңес бер, –
деди.
21 Ахитофел Абшаломға:
– Сарайға қарап турыўы ушын,
әкеңниң таслап кеткен тоқаллары
менен жат. Сонда пүткил Израил
әкеңиздиң сизди жек көрип қалға-
нын биледи ҳәм сизди қоллаўшылар-
дың ҳәммеси және де күшке минеди.
22 Солай етип, сарайдың үшегине
Абшалом ушын бир шатыр қурыл-
ды. Ол пүткил израиллылардың
көз алдында әкесиниң тоқаллары
менен жатып шықты.
23 Сол ўақытлары Ахитофел бер-
ген кеңеслер Қудай тәрепинен бе-
рилген кеңеслер деп саналатуғын
еди. Ахитофелдиң ҳәр бир кеңеси
Даўыт ушын да, Абшалом ушын да
усындай еди.

### Хушайдың Ахитофелдиң кеңесин бузыўы

17 1 Ахитофел Абшаломға жә-
не былай деди:
– Рухсат берсеңиз, он еки мың
адамды сайлап алып, бүгин түнде

кетип, Даўыттың изине түсейин.
2 Ҳәзир Даўыт шаршап, ҳалдан
тайған ўақытта, оған ҳүжим етип,
көзин қорқытсам, қасындағылар
қашып кетеди. Сонда мен Даўыт
патшаның бир өзин өлтиремен.
3 Соңынан пүткил халықты сизге
қайтарып алып келемен. Халық-
тың сизге қайтыўы сиз өлтир-
мекши болып атырған адамның
өлимине байланыслы. Солай етип,
пүткил халық зыян көрмейди.

4 Бул кеңес Абшаломға да, пүт-
кил Израил ақсақалларына да унап
қалды. 5 Бирақ Абшалом:
– Арк тийресинен болған Хушай-
ды да шақырың. Ол не дер екен,
еситейик, – деди. 6 Хушай келген-
де, Абшалом оған Ахитофелдиң
қандай кеңес бергени туўралы ай-
тып берди. Соңынан ол Хушайдан:
– Оның кеңеси бойынша ис тута-
йын ба? Болмаса, сен кеңес бер, –
деп сорады.

7 Хушай Абшаломға былай жу-
ўап берди:
– Ахитофелдиң бул ретте берген
кеңеси жақсы емес. 8 Әкеңиздиң
ҳәм оның адамларының мәрт жа-
ўынгерлер екенин билесиз. Олар
далада балаларынан айырылған
айыў сыяқлы ғәзепли. Буның үс-
тине, әкеңиз тәжирийбели жаўын-
гер, ол түнди әскерлер жанында
өткермейди. 9 Бул ўақытта ол үң-
гирлердиң биринде ямаса бир жер-
де жасырынып жүрген болса керек.
Егер ол әскерлеримизге бирinши
болып ҳүжим жасаса, ол ҳаққында
еситкен ҳәр бир адам: «Абшаломға
ергенлер қырғынға ушырапты», –
деп айтады. 10 Сонда жүреклери
арысланның жүрегиндей болған
мәртлердиң де қорқыныштан руўх-
лары түседи. Себеби әкеңиздиң
батырлығын ҳәм оның қасында-
ғылардың мәртлигин пүткил Из-
раил биледи. 11 Сонлықтан сизге
айтатуғын кеңесим мынаў: Дан-
нан Беер-Шебаға шекемги, теңиз
жағасындағы қум сыяқлы сан-са-
нақсыз болған пүткил израиллы-
ларды әтирапыңызға топлаң. Сиз
өзиңиз де саўашқа шығың. 12 Сонда
бизлер жасырынған жерлериниң
биринде Даўытқа ҳүжим қылып,
жер бетине түскен шық киби үсти-
не бастырып барамыз. Даўытты да,
оның жанындағылардың ҳеш би-
рин де тири қалдырмаймыз. 13 Егер
ол бир қаланы паналаса, онда пүт-
кил израиллылар сол қалаға ар-
қанлар алып барады. Қаланы бир
тасы қалмағанша, ойпатлыққа қа-
рай тартып қулатып, жоқ қыламыз.

14 Абшалом ҳәм пүткил изра-
иллылар: «Хушайдың кеңеси
Ахитофелдиң кеңесинен жақсы-
рақ», – деди. Себеби Жаратқан
Ийе Абшаломды апатқа ушыра-
тыў ушын, Ахитофелдиң жақсы
кеңесин жоққа шығарыўды шешип
қойған еди.

15 Хушай руўханийлер Садоқ пе-
нен Абиятарға Ахитофелдиң Абша-
лом менен Израил ақсақалларына
берген кеңеси ҳәм өзиниң оларға
берген кеңеси туўралы айтып бер-
ди. 16 Соңынан оларға:
– Сизлер мына хабарды Даўытқа
тез жеткизиң: бул түнди Иордан
тегислигинде, дәрьяның өткелин-
де өткизбесин. Тез арғы тәрепке
өтсин. Болмаса, патшаның өзи де,
жанындағылар да толық қырылып
кетеди, – деди.

17 Сол ўақытлары қалада көрин-
беў ушын, Ионатан менен Ахимаас
қала сыртындағы Рогел булағы
жанында күтип туратуғын еди.
Бир шоры қыз барып, оларға бо-
лып өткенлерди хабарлап турату-
ғын, ал олар еситкенлерин Даўыт
патшаға жеткизип туратуғын еди.
18 Бирақ бир өспирим оларды кө-
рип қалып, Абшаломға хабарла-
ды. Сонда Ионатан менен Ахимаас
асығыс ол жерден кетип, Бахурим-
деги бир адамның үйине келди.
Үйдиң ҳәўлисинде бир қудық бар
еди. Ионатан менен Ахимаас сол
қудыққа жасырынды. 19 Сол адам-
ның ҳаялы бир жапқыш алып, қу-
дықтың аўзын жаўып қойып, ҳеш
нәрсе сезилмеўи ушын, оның үс-
тине масақларды жайып таслады.
20 Абшаломның хызметшилери үй-
ге, ҳаялдың жанына келип, оннан:
– Ахимаас пенен Ионатан қай
жерде? – деп сорады.

Ҳаял оларға:
– Өзектиң арғы тәрепине өтип
кетти, – деп жуўап берди.

Абшаломның хызметшилери
оларды излеп кетти, бирақ таба
алмай, Ерусалимге қайтты.

21 Адамлар кеткеннен кейин,
Ахимаас пенен Ионатан қудықтан
шықты да, болып өткен ўақыялар-
ды хабарлаў ушын, Даўыт патшаға
кетти. Олар Даўытқа барып:
– Қәне, ҳәзир-ақ дәрьяны кесип
өтиңлер, – деди ҳәм Ахитофелдиң
оған қарсы қандай кеңес бергенли-
гин айтып берди. 22 Даўыт сол ўа-
қытта-ақ пүткил адамлары менен
бирге Иордан дәрьясын кесип өтти.
Таң атқанда, Иордан дәрьясын кесип
өтпеген бирде бир адам қалмады.

23 Ахитофел өзи берген кеңестиң
иске аспағанын көргенде, ешегин
ертлеп, оған минди де, өз қаласына,
өз үйине қайтып кетти. Ол үй-иши-
не ўәсиятнама қалдырғаннан соң,
асылып өлди. Оның денеси әкеси-
ниң қәбирине қойылды.

24 Даўыт Маханайымға барған
ўақытта, Абшалом ҳәм оның жа-
нындағы Израил әскерлери Иор-
дан дәрьясын кесип өтип атырған
еди. 25 Абшалом Иоабтың орнына
Амасаны сәркәрда етип тайынла-
ды. Амаса израиллы* Итраның
улы болып, анасының аты Аби-
гайыл еди. Абигайыл Серуяның
сиңлиси болып, олар Нахаш деген
адамның қызлары еди. Серуя бол-
са, Иоабтың анасы еди. 26 Абшалом
ҳәм Израил әскерлери Гилад жери-
не орда қурды.

27 Даўыт Маханайымға барған-
да, аммонлардың Рабба қаласы-
нан болған Нахаш улы Шобий,
ло-дебарлы Аммиел улы Махир
ҳәм Рогелимнен болған гиладлы
Барзиллай 28 Даўытқа көрпе-тө-
секлер, қырмалар ҳәм ылай ыдыс-
лар алып келди. Және де, Даўыт
ҳәм оның жанындағылардың же-
ўи ушын бийдай, арпа, ун, тары, ақ
лобия, қызыл лобия, қуўырмаш,
29 пал, қатық, қой және де малдың
сүтинен алынған иримтик алып
келди. Себеби олар: «Халық шөл-
де аш, ҳалдан тайған ҳәм шөллеген
болса керек», – деп ойлаған еди.

## Абшаломның өлтирилиўи

18 1 Даўыт өзиниң жанында-
ғы әскерлерин бир жерге
топлап, көзден өткерди ҳәм олар-
дың үстинен мыңбасылар менен

жүзбасылар қойды. 2 Соңынан
оларды Серуя улы Иоабтың, оның
иниси Абишайдың ҳәм гатлы Ит-
тайдың басшылығында үш то-
парға бөлип атландырды. Патша
әскерлерге:

– Мен де сизлер менен бирге ба-
раман, – деди.

3 Бирақ әскерлер:

– Илтимас, сиз бизлер менен бирге
бармаң. Егер бизлердиң қашыўы-
мызға туўра келсе де, олар бизлерге
дыққат аўдармайды, ҳәтте, ярымы-
мыз өлип кетсек те, олар бизлерге
дыққат аўдармайды. Сиз бизлердиң
он мыңымызға татыйсыз. Сонлық-
тан сизиң бизлерге қалада турып
жәрдем бергениңиз жақсырақ, –
деп жуўап берди.

4 Патша оларға:

– Сизлер нени мақул көрсеңиз,
соны ислеймен, – деди.

Адамлар жүзлик ҳәм мыңлық то-
парларға бөлинип, қаладан шығып
баратырғанда, патша дәрўаза жа-
нында турған еди. 5 Патша Иоаб,
Абишай ҳәм Иттайға:

– Мениң ҳүрметим ушын жигит
Абшаломға зыян тийгизбеңлер, –
деп буйырды. Ҳәмме әскерлер
патшаның әскербасыларға Абша-
ломға байланыслы берген буйры-
ғын еситти.

6 Даўыттың әскерлери израил-
лылар менен урысыў ушын урыс
майданына шықты. Саўаш Эфра-
йым тоғайында болды. 7 Израил
әскерлери Даўыттың әскерлеринен
жеңилип қалды. Ол жерде үлкен
қырғын болып, сол күни жигир-
ма мың адам өлди. 8 Саўаш ҳәмме
жерге жайылды. Сол күни тоғайда-
ғы қәўипли жағдайларға жолығып
өлгенлердиң саны қылыштан өл-
генлердиң санынан көбирек еди.

9 Абшалом аңсызда Даўыттың
адамларына дус келип қалды.
Ол ғашырға минген еди. Ғашыр
үлкен бир теребинф ағашының
қалың шақалары астынан өтип
баратырғанда, Абшаломның басы
шақалар арасына кирип, илинип
қалды. Ғашыр жолын даўам етип
кете берди, ал Абшалом терекке
илиниўи менен, салбырап қалды.
10 Сонда бир адам буны көрип қа-
лып, Иоабқа:

– Мен Абшаломның бир теребинф
ағашына илинип, салбырап қалға-
нын көрдим, – деп хабарлады.

11 Иоаб хабар берген адамға:

– Әнеқалас, оны көрген болсаң,
неге жерге қулатып өлтирмедиң?
Саған он шекел гүмис пенен бир
қайыс саўға етер едим, – деди.

12 Бирақ сол адам оған былай деп
жуўап берди:

– Егер қолыма мың шекел гүмис
санап услатқаныңызда да, патша-
ның улына қол көтермеген болар
едим. Себеби патшаның сизге, Аби-
шайға ҳәм Иттайға: «Мениң ҳүрме-
тим ушын жигитти, Абшаломды
сақлап қалыңлар», – деп буйрық
бергенин еситтик. 13 Егер мен жа-
нымды қәтерге қойып, Абшаломды
өлтиргенимде, бул исим патшаға
билинбей қалмас еди. Сиз де мени
жақламаған болар едиңиз.

14 Сонда Иоаб сол адамға:

– Булай етип, сениң менен ўақыт-
ты босқа өткермейин, – деп, қолы-
на үш найза алып барып, теребинф
ағашына илинип, еле тири тур-
ған Абшаломның жүрегине қада-
ды. 15 Соңынан Иоабтың он нөкер

жигити Абшаломды қоршап алып, оны өлтирди.
[16] Соннан кейин Иоаб саўашты тоқтатыў ушын кәрнай шерттиргенде, әскерлер израиллыларды қуўыўды тоқтатып, изине қайтты.
[17] Иоабтың әскерлери Абшаломды түсирип алды да, тоғайдағы бир терең шуқырға таслады. Шуқырдың үстине үлкен тасларды үйди. Пүткил израиллылар үйлерине қарай қашып кетти.
[18] Абшалом тири ўақтында: «Атымды есте қалдыратуғын бирде бир улым жоқ», – деп Патша ойпатлығына бир естелик орнатып, оған өзиниң атын берген еди. Бул естелик ҳәзир де «Абшаломның естелиги» деп аталады.

### Даўыттың аза тутыўы

[19] Садоқ улы Ахимаас Иоабқа:
– Рухсат бер, жуўырып барып, патшаға Жаратқан Ийениң оны душпанларынан қутқарғанын хабарлайын, – деди.
[20] Иоаб оған:
– Яқ, бүгин хабарды сен жеткизбейсең. Басқа ўақытта хабар жеткизерсең, бирақ бүгин емес. Өйткени патшаның улы өлди, – деди.
[21] Соңынан Иоаб бир хабашстанлы адамға:
– Сен барып, көргенлериңди патшаға жеткиз, – деди. Хабашстанлы адам Иоабтың алдында тәжим етти де, жуўырып кетти.
[22] Бирақ Садоқ улы Ахимаас және:
– Не болса болсын, рухсат бер, мен де хабашстанлының изинен жуўырайын, – деди.
Иоаб оған:
– Улым, неге жуўырып барғың келип қалды? Бул хабар ушын саған сүйинши бермейди-ғо, – деди.
[23] Деген менен, Ахимаас:
– Не болса, сол болсын, жуўырып бараман, – деди.
Сонда Иоаб:
– Мейли, жуўырсаң жуўыр, – деди.
Солай етип, Ахимаас тегислик бойлап жуўырып, хабашстанлыдан
озып кетти. [24] Сол ўақытта Даўыт
қаланың ишки ҳәм сыртқы дәрўазаларының арасында отыр еди. Гүзетши дийўал жанындағы дәрўазаның төбесине шықты. Ол әтирапқа көз жиберип, бир адамның жуўырып
киятырғанын көрди. [25] Гүзетши
бақырып, буны патшаға хабарлады.
Патша оған:
– Егер тек бир адам киятырған болса, демек, оның жақсы хабар алып киятырғаны, – деди.
Сол адам кем-кемнен жақынласып
келе берди. [26] Гүзетши басқа
бир адамның да жуўырып киятырғанын көрип, дәрўаза қараўылына:
– Әне, және бир адам жуўырып киятыр, – деп бақырды.
Сонда патша:
– Ол да жақсы хабар алып киятыр, – деди.
[27] Гүзетши:
– Биринширисиниң жуўырғанын Садоқ улы Ахимаастың жуўырғанына уқсатып турман, – деди.
Патша оған:
– Ахимаас жақсы адам. Ол жақсы хабар алып келеди, – деп жуўап берди.
[28] Сол ўақытта Ахимаас бәлент даўыс пенен патшаға:
– Тынышлық, – деп бақырды. Соңынан патшаның алдында ет

бетинен жерге жығылып, тәжим
етип:
– Тақсырыма қол көтерген-
лерди тәслим еткен Қудайыңыз
Жаратқан Ийеге алғыслар бол-
сын! – деди.
29 Патша оннан:
– Абшалом жигит аман ба? – деп
сорады.
Ахимаас патшаға:
– Иоаб патшаның хызметшиси
болған хабашстанлы адам менен
мени бул жерге жиберген ўақтын-
да, үлкен бир ала-сапыран болып
атырған еди. Бирақ не болғанын
билмеймен, – деп жуўап берди.
30 Патша оған:
– Шетке шығып, бул жерде тур, –
деди.
Ахимаас шетке шығып турды.
31 Сол ўақытта хабашстанлы адам
да жетип келип:
– Тақсыр, хош хабар! Бүгин
Жаратқан Ийе сизге қарсы бас кө-
тергенлердиң ҳәммесиниң қолынан
сизди қутқарды, – деди.
32 Патша хабашстанлыдан:
– Абшалом жигит аман ба? – деп
сорады.
Хабашстанлы патшаға:
– Тақсыр! Душпанларыңыздың
ҳәм жаман нийет пенен сизге қар-
сы бас көтергенлердиң ҳәммеси-
ниң ақыры бул жигиттиң ақыры
сыяқлы болсын! – деп жуўап берди.
33 Патша албырап қалды. Ол дәр-
ўаза үстиндеги бөлмеге шығып,
жылады. Ол шығып баратырып:
– Ўаҳ, улым Абшалом! Ўаҳ, улым,
улым Абшалом! Улым, сениң ор-
ныңа мен өлсем болмас па еди! Ўаҳ,
улым, улым Абшалом! – деп зарлап
жылар еди.

### Иоабтың Даўытқа кейип, ескертиўи

**19** 1 Иоабқа: «Даўыт патша
Абшалом ушын жылап, аза
тутып атыр», – деп хабарлады.
2 Сол күнги жеңис әскерлер ушын
азаға айланды. Себеби олар пат-
шаның улы ушын аза тутып атыр-
ғанын еситкен еди. 3 Сол күни
әскерлер қалаға саўаштан қашқан
адамлар сыяқлы уялып кирди. 4 Ал
патша болса, бетин басып, бәлент
даўыс пенен: «Ўаҳ, улым, Абшалом!
Абшалом, улым, улым!» – деп ба-
қырып отырған еди.
5 Иоаб патша отырған үйге ба-
рып, оған былай деди:
– Бүгин сизиң жаныңызды, ул-
қызларыңыздың жанларын, ҳаял-
ларыңыздың жанларын қутқарған
адамлардың ҳәммесин уятқа қой-
дыңыз. 6 Өйткени сиз өзиңизди жек
көргенлерди жақсы көрип, өзиңиз-
ди жақсы көргенлерди жек көре-
сиз. Бүгин сиз әскербасылардың
ҳәм хызметшилердиң өзиңиз ушын
ҳеш нәрсеге арзымайтуғынын көр-
сеттиңиз. Аўа, егер Абшалом тири
қалып, ҳәммемиз өлип кеткенде,
сиз ушын жақсы болатуғынын мен
бүгин аңлап жеттим. 7 Енди сырт-
қа шығып, адамларыңызды жи-
герлендириң! Жаратқан Ийениң
аты менен ант ишемен: егер шық-
пасаңыз, бүгин түнде сизиң қасы-
ңызда бирде бир адам қалмайды.
Бул жаслығыңыздан усы күнге ше-
кем басыңызға түскен апатлардың
ишиндеги ең жаманы болады.
8 Сонда патша қала дәрўаза-
сының алдына шығып отырды.
Пүткил әскерлерге: «Патша қала

дәрўазасының алдына келип отыр-
ды», – деген хабар жеткенде, олар
да патшаның жанына келди.

### Даўыттың Ерусалимге қайтыўы

Сол ўақытта Абшаломның жа-
нындағы израиллылар үйлерине
қашып кеткен еди. [9] Израилдың
ҳәмме урыўларынан болған адам-
лар бир-бири менен тартысып
былай дести: «Патша бизлерди
душпанларымыздың қолынан қут-
қарды. Бизлерди филистлердиң
қолынан қутқарған да сол еди. Ал
енди болса, ол Абшалом себепли
елден қашып кетти. [10] Бизлерге
басшы болыўы ушын майлағаны-
мыз Абшалом болса, саўашта өл-
ди. Солай екен, енди неге Даўыт
патшаны қайтарып алып келиўге
асықпай атырмыз?»

[11] Даўыт патша рууханийлер Са-
доқ пенен Абиятарға былай деп ха-
бар жиберди: «Яҳуда ақсақалларына
былай деп айтыңлар: „Пүткил изра-
иллылардың патшаны өз сарайы-
на қайтарамыз деп айтқан сөзлери
мениң қулағыма жетип келди. Ал
сизлер неге патшаны қайтарыўда
соңғылар болмақшысыз? [12] Сизлер
мениң туўысқанларымсыз – өз сү-
йегим ҳәм өз етимсиз. Неге сизлер
патшаны өз сарайына қайтарыўда
ең соңғылар болмақшысыз?“ [13] Ама-
саға да былай деп айтыңлар: „Сен
мениң туўысқанымсаң – өз сүйе-
гим ҳәм өз етимсең. Егер мен сени
Иоабтың орнына мәңгиге сәркәрда
етип қоймасам, Қудай мени жазала-
ған үстине жазаласын!“»

[14] Солай етип, Даўыт пүт-
кил яҳудалыларды өзине толық
аўдырып алды. Яҳудалылар пат-
шаға: «Пүткил адамларыңыз бе-
нен қайтып келиң», – деп хабар
жиберди. [15] Патша қайтып, Иор-
дан дәрьясына барды. Яҳуда хал-
қы патшаны күтип алып, Иордан
дәрьясынан өткизиў ушын Гил-
галға келди. [16] Бахуримнен беня-
минли Гера улы Шимей де Даўыт
патшаны күтип алыў ушын, яҳуда-
лылар менен бирге асығыс жолға
шықты. [17] Оның жанында Беня-
мин урыўынан мың адам бар еди.
Шаулдың үйиниң хызметшиси
Сиба да он бес улы ҳәм жигирма
қулы менен бирге Иордан дәрья-
сына, патшаның жанына жетип
келди. [18] Олар патшаның үй-ишин
дәрьядан өткериў ҳәм оның тиле-
гин орынлаў ушын патшаның жа-
нына келди. Патша дәрьяны кесип
өтпекши болып турғанда, Гера улы
Шимей патшаның алдына жығы-
лып, [19] оған былай деди:

– Тақсыр, мени айыпкер сана-
маңыз. Сиз Ерусалимнен шыққан
күниңизде ислеген жаманлығым-
ды кеўлиңизде сақламай, умытып
жибериң. [20] Қулыңыз болған мен
қандай гүна ислегенимди билемен.
Сонлықтан тақсырымды қарсы
алыў ушын, пүткил Юсуптиң хал-
қынан биринши болып мен келдим.

[21] Сонда Серуя улы Абишай:

– Жаратқан Ийениң майлаған
адамын ғарғағаны ушын, Шимей
өлиўи тийис, – деди.

[22] Бирақ Даўыт оған:

– Ҳәй, Серуяның уллары, бул сиз-
лердиң жумысыңыз емес. Бүгин
сизлер неге маған қарсы шығып
атырсыз? Израилда бүгин бир-
де бир адам өлтирилмейди! Мен

өзимниң Израилдың патшасы
екенимди билмеймен бе?! – деди.
23 Соңынан ол ант ишип, Шимейге:
– Сен өлмейсең! – деди.
24 Шаулдың ақлығы Мефибошет
те патшаны күтип алыў ушын шық-
қан еди. Ол патша кеткен күннен
баслап, аман-есен изге қайтқан кү-
нине шекем аяқларын да, кийим-
лерин де жуўмаған, сақалын да
алмаған еди. 25 Мефибошет патша-
ны күтип алыў ушын Ерусалимнен
келгенде, патша оннан:
– Мефибошет, сен неге мениң ме-
нен бирге кетпедиң? – деп сорады.
26 Мефибошет патшаға былай деп
жуўап берди:
– Тақсыр, қулыңыз болған мен
майып болғаным себепли, қулым
Сибаға: «Ешекти ертле, мен оған
минип, патша менен бирге кете-
мен», – дедим. Бирақ ол мени алда-
ды. 27 Тақсыр, сизиң алдыңызда ол
маған жала жапты. Бирақ сиз, тақ-
сыр, Қудайдың периштеси сыяқлы-
сыз. Сиз нени мақул көрсеңиз, соны
ислең. 28 Себеби тақсырым, сизиң
алдыңызда әкемниң урпақлары-
ның ҳәммеси өз өлимин күтип жүр-
генинде, сиз қулыңыз болған мени
дастурханыңыздан аўқат жейту-
ғынлар арасына отырғыздыңыз.
Сизден буннан артық бир нәрсе
сораўға не ҳақым бар, о, патша?!
29 Патша оған:
– Өз ислериң ҳаққында гәпти ба-
лалатыўдың не ҳәжети бар? Са-
ған айтатуғыным мынаў: Сиба
менен екеўиңиз жерлерди бөли-
сип алың, – деди.
30 Бирақ Мефибошет патшаға:
– Тақсырым сарайына аман-саў
қайтып келген екен, енди барлық
жерлерди Сиба ала ғойсын, – деп
жуўап берди.
31 Гиладлы Барзиллай да Иор-
дан дәрьясын кесип өтиўде пат-
шаға жолдас болып, оны шығарып
салыў ушын, Рогелимнен келген
еди. 32 Барзиллай оғада қартайған
болып, сексен жасқа шыққан еди.
Ол жүдә бай адам болғанлықтан,
патша Маханайымда болған ўа-
қытта, патшаны азық-аўқат пенен
тәмийинлеп турған еди. 33 Патша
Барзиллайға:
– Мениң менен бирге дәрьяны
кесип өт. Ерусалимде мен сени
азық-аўқат пенен тәмийинлей-
мен, – деди.
34 Бирақ Барзиллай патшаға бы-
лай деп жуўап берди:
– Сиз бенен Ерусалимге кетету-
ғындай, қанша өмирим қалды дей-
сиз? 35 Мен ҳәзир сексен жастаман.
Жақсы менен жаманды ажырата
алмасам, ишкен-жегенимниң дәмин
сезе алмасам, еркек ҳәм ҳаял қо-
сықшының даўысын есите алмасам,
тақсыр, сизге жүк болыўымның не
кереги бар? 36 Қулыңыз болған мен
тек ғана Иордан дәрьясын сиз бе-
нен бирге кесип өтип, сизге аз-маз
жолдас болмақшы едим. Патша, сиз
неге маған буншелли сый көрсетип
атырсыз? 37 Маған үйиме қайтыўға
рухсат бериң. Бирақ қулыңыз Ким-
ҳам усы жерде, ол сиз бенен бирге
арғы тәрепке өтсин. Оған нени ма-
қул көрсеңиз, соны ислең.
38 Патша оған:
– Кимҳам мениң менен бирге ар-
ғы тәрепке өтеди. Сен оған нени
мақул көрсең, мен соны ислеймен.
Меннен не тилесең де, тилегинди
орынлайман, – деди.

39 Соннан кейин, патша ҳәм пүт-
кил халық Иордан дәрьясынан
өтти. Патша Барзиллайды сүйип,
оған пәтия берди. Соңынан Бар-
зиллай үйине қайтты.
40 Патша Гилгалға кетти. Кимҳам
да оның менен бирге кетти. Пүткил
Яҳуда әскерлери ҳәм Израил әс-
керлериниң ярымы патшаға жол-
дас болды. 41 Сонда израиллылар
патшаға барып:
– Неге туўысқанларымыз яҳу-
далылар сизди урлап кетип, сиз-
ди ҳәм хожалығыңызды пүткил
адамларыңыз бенен Иордан дәрья-
сының арғы тәрепине өткерип қой-
ды? – деди.
42 Яҳудалылар израиллыларға:
– Өйткени патша бизлердиң жа-
қынымыз. Неге буған қапа бола-
сызлар? Патшаның аўқатынан бир
нәрсе жедик пе? Я болмаса, өзи-
мизге бир нәрсе алдық па? – деди.
43 Израиллылар яҳудалыларға
жуўап берип:
– Патшада бизлердиң он пайымыз
бар. Сонлықтан Даўыт патшада
сизлерден гөре көбирек ҳақымыз
бар. Солай екен, неге бизлерди жер-
ге урасызлар? Патшамызды қай-
тып алып келиўди биринши болып
бизлер айтқан жоқ па едик? – деди.
Деген менен, яҳудалылардың сөз-
лери израиллылардикинен күш-
лирек болды.

### Шебаның қозғалаңы

**20** 1 Сол арада Бенямин урыўы-
нан Бихрийдиң улы Шеба
деген жарамас бир адам сол жерде
пайда болды. Шеба кәрнай шертип:
«Даўыт пенен байланысымыз
жоқ,
Ишай улы Даўытта қарызымыз
жоқ.
Ҳәй, израиллылар, ҳәр бириңиз
өз үйиңизге қайтыңлар!» –
деди.
2 Сонда пүткил израиллылар Да-
ўытты таслап, Бихрий улы Шеба-
ның изине ерип кетип қалды. Ал
яҳудалылар өз патшасы тәрепинде
қалып, Иордан дәрьясынан Еруса-
лимге шекем оған жолдас болды.
3 Даўыт патша Ерусалимдеги са-
райына қайтып барғанда, сарайға
қарап турыўы ушын таслап кеткен
тоқалларын бақлаў астында сақ-
лап, оларды тәмийинлеп турды.
Бирақ олар менен жатпады. Олар
өмириниң ақырына шекем үй қа-
мағында сақланып, жесир ҳаяллар
сыяқлы жасады.
4 Даўыт Амасаға:
– Үш күн ишинде яҳудалыларды
алдыма шақырып кел. Өзиң де усы
жерде бол, – деди. 5 Амаса яҳуда-
лыларды шақырып келиў ушын
кетти. Бирақ ол белгиленген ўа-
қытта қайтып келмеди. 6 Сонда
Даўыт Абишайға:
– Енди Бихрий улы Шеба биз-
лерге Абшаломнан да үлкенирек
жаманлық ислейди. Ол өзине қор-
ғанлы қалаларды таўып алып, кө-
зимизден ғайып болмаўы ушын,
сен мениң әскерлеримди ал да,
оның изинен қуў, – деди. 7 Солай
етип, Иоабтың адамлары, керет-
лер менен пелетлерден алынған тән
сақшылар ҳәм пүткил мәрт жаўын-
герлер Бихрий улы Шебаны қуўыў
ушын, Абишайдың басшылығын-
да Ерусалимнен шықты. 8 Олар Ги-
бондағы үлкен жартастың жанына
жетип барғанда, Амаса олардың

алдынан шықты. Иоаб саўаш ки-
йимин кийип алған еди. Ол кийи-
миниң сыртынан бир қайыс тағып,
қайысқа қынында турған бир қан-
жар байлаған еди. Иоаб алдыға
жүрип баратырып, қанжарды қы-
нынан шығарды.
**9** Иоаб Амасаға:
– Қалайсаң, туўысқаным? – деди
де, оны сүйиў ушын, оң қолы ме-
нен Амасаның сақалынан услады.
**10** Амаса Иоабтың қолындағы қан-
жарды аңламады. Иоаб қанжарды
Амасаның қарнына суғып жибер-
генде, оның ишек-қарны жерге тө-
гилди. Екинши рет урыўға ҳәжет
қалмады, ол өлген еди.
Буннан соң, Иоаб ҳәм оның ини-
си Абишай Бихрий улы Шебаны
қуўыўды даўам етти. **11** Иоабтың
адамларының бири Амасаның өли-
гиниң жанында турып, Амасаның
адамларына:
– Иоабқа садық болып, Даўыт тә-
репте болған ҳәр бир адам Иоабқа
ерсин, – деди. **12** Амасаның өли де-
неси қанға былғанып, жолдың ор-
тасында жатырған еди. Иоабтың
адамы өлиге жақынласқан ҳәр бир
адамның сол жерде тоқтап қалып
атырғанын көргенде, Амасаның
өлигин сүйреп, атызға ылақтырып
жиберди де, үстине бир кийим-
ди таслады. **13** Өлик жолдан алып
тасланғаннан соң, ҳәмме Бихрий
улы Шебаны қуўыў ушын, Иоаб-
тың изинен кетти.
**14** Сол арада Шеба пүткил Изра-
ил урыўларының жерлеринен өтип,
Абел-Бейт-Маахаға келди. Сол ай-
мақлардың халқы да оған қосыл-
ды. Ҳәммеси топланып, Шебаға
ерди. **15** Иоаб барлық адамлары
менен барып, Абел-Бейт-Мааха
қаласында болған Шебаны қоршап
алды. Олар қаланың алдына топы-
рақ үйди ҳәм оның үстине минип,
диййўалды қулата баслады.
**16** Сол ўақытта ақыллы бир ҳаял
қала ишинен бақырып:
– Тыңлаңлар! Тыңлаңлар! Иоаб-
қа айтыңлар, берман келсин, мен
оның менен сөйлесежақпан, – деди.
**17** Иоаб ҳаялға жақынласты. Сон-
да ҳаял оннан:
– Иоаб деген сизбисиз? – деп со-
рады.
– Аўа, мен, – деп жуўап берди Иоаб.
Ҳаял Иоабқа:
– Онда шорыңыздың гәпин еси-
тиң, – деди.
Иоаб оған:
– Қулағым сенде, – деди.
**18** Ҳаял сөзин былай деп даўам
етти:
– Бурынғылар: «Абел қаласына
барып, мәсләҳәт алыңлар», – дей-
туғын ҳәм мәселе солай шешиле-
туғын еди. **19** Бизлер Израилдың
тынышлығын қәлейтуғын садық
адамлармыз. Сиз болсаңыз, Изра-
илдағы анадай қәдирли қалалар-
дың бирин ўайран қылмақшысыз.
Жаратқан Ийениң ийелигин не
ушын жоқ қылмақшысыз?
**20** Иоаб ҳаялға жуўап берип бы-
лай деди:
– Ҳасла, олай емес! Мен ўайран
қылмақшы да, жоқ қылмақшы да
емеспен. **21** Ҳеш қандай олай емес.
Эфрайым таўлы үлкесинен бол-
ған Бихрий улы Шеба деген адам
Даўыт патшаға қарсы бас көтер-
ди. Егер оның жалғыз өзин тутып
берсеңиз, мен қаладан артқа ше-
гинемен.

Сонда ҳаял Иоабқа:
– Оның басын сизге дийўалдан
таслаймыз, – деди.
22 Соңынан ҳаял өзиниң дана сөз-
лерин пүткил халыққа жеткизиў
ушын кетти. Халық Бихрий улы
Шебаның басын кесип, Иоабқа
ылақтырды. Сонда Иоаб кәрнай
шертти ҳәм оның адамлары қала-
ны таслап, үйлерине кетти. Иоаб
та Ерусалимге, патшаның жаны-
на қайтып келди.

### Даўыттың ҳәмелдарлары

23 Иоаб пүткил Израил әскерле-
риниң сәркәрдасы еди. Еҳояда улы
Беная керетлер менен пелетлерден
алынған тән сақшылардың әскер-
басысы еди. 24 Адонирам мәрдикар-
ға алынғанлар үстинен жуўапкер,
Ахилуд улы Еҳошафат дийўанбе-
ги еди. 25 Шеўа хаткер, Садоқ ҳәм
Абиятар руўханийлер еди. 26 Жә-
не де, яирли Ира Даўыттың руў-
ханийи еди.

### Даўыттың гибонлылар ушын өш алыўы

21 1 Даўыт патшалық еткен
дәўирде үш жыл қатара
ашаршылық болды. Сонда Даўыт
Жаратқан Ийеден кеңес сорады
ҳәм Жаратқан Ийе оған:
– Буған Шаул ҳәм оның қанхор
үй-иши себепши болды. Өйткени
Шаул гибонлыларды өлтирди, –
деп жуўап берди. 2 Патша гибонлы-
ларды шақыртып алып, олар менен
сөйлести. Гибонлылар Израил хал-
қынан емес, ал амор халқынан қал-
ған халық болып, израиллылар
оларды тири қалдырыўға ант иш-
кен еди. Деген менен, Израил ҳәм
Яҳуда халқы ушын жан күйдирген
Шаул оларды жоқ қылыўға ҳәре-
кет етти. 3 Даўыт гибонлылардан:
– Сизлер ушын не ислейин?
Жаратқан Ийениң халқына пә-
тияңызды бериўиңиз ушын, бул
гүнаны не менен жуўайын? – деп
сорады.
4 Гибонлылар Даўытқа:
– Бизлерге Шаулдан ҳәм оның үй-
ишинен гүмис те, алтын да керек
емес. Израилда ҳеш кимди де өл-
тириўди қәлемеймиз, – деди.
Даўыт және:
– Сизлер нени қәлесеңиз, мен со-
ны орынлайман, – деди.
5 Сонда гибонлылар патшаға бы-
лай деп жуўап берди:
– Израилдың ҳеш бир жеринде жа-
самаўымыз ушын, Шаул бизлерди
қырып тасламақшы болды. 6 Сон-
лықтан Шаулдың урпақларынан же-
теўин бизлерге бер. Бизлер оларды
Жаратқан Ийениң таңлағаны болған
Шаулдың қаласы Гибада, Жаратқан
Ийениң алдында дарға асамыз.
Патша:
– Мен оларды сизлерге беремен, –
деди.
7 Даўыт патша Шаулдың улы Ио-
натан менен Жаратқан Ийениң
алдында ант ишискени себепли,
Ионатанның улы Мефибошетке ре-
ҳим қылды. 8 Ал Айя қызы Риспа-
ның Шаулдан туўған Армоний ҳәм
Мефибошет деген еки улын, Ша-
улдың қызы Мерабтың мехолалы
Барзиллай улы Адриелден туўған
бес улын алдырып, 9 оларды гибон-
лылардың қолына тапсырды. Ги-
бонлылар оларды таўда, Жаратқан
Ийениң алдында дарға асты. Олар-
дың жетеўи де бир ўақытта жан

берди. Олар бәҳәрдеги жыйын-те-
римниң дәслепки күнлеринде, ар-
па орағының басланған ўақтында
өлтирилди.

10 Айя қызы Риспа аза кийимин
алып, сол таўдағы бир жартастың
үстине жайды ҳәм жыйын-терим-
ниң дәслепки күнлеринен баслап,
денелердиң үстине гүзги жаўын
жаўғанға шекем сол жерде отырды.
Ол денелерди күндиз аспандағы
қуслардан, түнде жабайы ҳайўан-
лардан қорыды.

11 Даўытқа Шаулдың тоқалы Айя
қызы Риспаның ислеген ислери
ҳаққында билдирилди. 12 Сонда
Даўыт барып, Шаулдың ҳәм оның
улы Ионатанның сүйеклерин Ябеш-
Гилад халқынан алды. Филистлер
Гилбоада Шаулды өлтирген күни
оның ҳәм оның улының денелерин
Бейт-Шан қаласының майданына
асып қойған еди. Ал Ябеш-Гилад
халқы денелерди жасырын түрде
ол жерден алып қайтқан еди. 13 Да-
ўыт Шаулдың ҳәм оның улы Ио-
натанның сүйеклерин ол жерден
алып келди. Дарға асылған жети
адамның сүйеклери де жыйналды.
14 Олардың ҳәм Шаул менен оның
улы Ионатанның сүйеклери Беня-
мин жериндеги Селаға, Шаулдың
әкеси Киштиң қәбирине қойыл-
ды. Солай етип, патшаның барлық
буйрықлары орынланды. Буннан
кейин, Қудай ел ушын соралған
дуўаларға жуўап берди.

### Филистлерге қарсы урыс

15 Филистлер менен израил-
лылар арасында жаңадан урыс
басланды. Даўыт адамлары менен
барып, филистлерге қарсы урысты
ҳәм ол қатты шаршады. 16 Ушы-
ның өзи үш жүз шекел қоладан
исленген найза көтерип, таза қы-
лыш асынған дәў әўладларынан[a]
болған Ишбий-Беноб Даўытты
өлтирмекши болды. 17 Бирақ Се-
руя улы Абишай Даўытқа жәрдем-
ге келип, сол филистти өлтирди.
Буннан кейин, Даўыттың адам-
лары ант ишип, Даўытқа: «Из-
раилдың шырағы өшип қалмаўы
ушын, енди сизиң бизлер менен
урысқа барыўыңызға жол қой-
маймыз», – деди.

18 Соңынан Гоб қаласында фи-
листлер менен және урыс баслан-
ды. Бул урыста хушалы Сиббехай
дәў әўладларынан болған Саф де-
ген адамды өлтирди.

19 Гобта израиллылар менен фи-
листлер арасында тағы бир урыс
болды. Урыста бейтлеҳемли Яа-
ре-Орегимниң улы Элханан гатлы
Голиятты өлтирди. Голияттың най-
засының сабы тоқыў үскенесиниң
қадасындай еди.

20 Кейинирек Гат қаласында жә-
не саўаш болды. Ол жерде дәўдей
бир адам бар еди. Оның қолла-
ры ҳәм аяқлары алты бармақлы
болып, ҳәммеси болып жигирма
төрт бармағы бар еди. Ол да дәў
әўладларынан еди. 21 Усы адам из-
раиллыларды масқаралағанда, Да-
ўыттың әжағасы Шимеаның улы
Ионатан оны өлтирди.

22 Даўыт ҳәм оның адамлары тә-
репинен өлтирилген усы төрт адам
да Гаттағы дәў әўладларынан еди.

---

a **21:16** *Дәў әўладларынан* – ямаса «Рефа әўладларынан».

## Даўыттың жеңис жыры

**22** [1] Жаратқан Ийе Даўытты
пүткил душпанларынан
ҳәм Шаулдың қолынан қутқарған
күни Даўыт Жаратқан Ийеге ар-
нап, мына жырды айтты:

2 «Жаратқан Ийе – жартасым,
қорғаным ҳәм
қутқарыўшым,
3 Қудайым мениң қорғаўшы
жартасым, Оннан пана
табаман,
Ол қалқаным, қүдиретли
қутқарыўшым,
Ол қорғаным ҳәм панам,
Қутқарыўшым, зулымлықтан
мени Сен қутқарасаң.
4 Мақтаўға ылайықлы Жаратқан
Ийени шақыраман,
Қутқарыламан
душпанларымнан.
5 Әжел толқынлары қоршап алып,
Набыт қылыў ағыслары
қорқытты мени.
6 Өлилер мәканының арқанлары
байлады мени,
Өлим дузақлары шықты
қарсыма.
7 Азап ишинде Жаратқан Ийеге
жалбарындым,
Қудайымды шақырдым.
Ибадатханасынан Ол
даўысымды еситти,
Қышқырғаным қулағына
жетип барды.
8 Сол ўақытта жер жүзи титиреп,
шайқалды,
Аспанның тийкары ләрзеге
келди,
Себеби Жаратқан Ийе ғәзепке
минген еди.
9 Мурнынан түтин көтерилди,
Аўзынан жалмап жутатуғын
жалын шығып,
Оннан көмир шоғы жаўды.
10 Көклерди жарып, төменге түсти,
Қара булт Оның аяғының
астында.
11 Бир керубқа минип,
Самалдың қанатлары үстинде
ушып келди.
12 Түнекке оранып,
Қара бултларды Өзине шертек
қылды.
13 Оның алдындағы нурдан,
Көмир шоғы шашырап турды.
14 Гүркиреди аспаннан Жаратқан
Ийе,
Даўыс берди Қудай Таала.
15 Оқлар атып, душпанларды
пытыратты,
Шақмақ шақтырып, оларды
албыратты.
16 Жаратқан Ийениң кейисинен,
Мурнынан шыққан күшли
деминен,
Теңиздиң түби көринди,
Дүньяның тийкары ашылып
қалды.
17 Алды мени Жаратқан Ийе
қолын созып жоқарыдан,
Ҳәм шығарды терең суўлардан.
18 Қутқарды мени күшли
душпанымнан,
Меннен күшлирек болған,
Мени жек көретуғынлардан.
19 Қарсы турды олар маған басыма
ис түскенде,
Бирақ тирек болды маған
Жаратқан Ийе.
20 Ол кең жерге шығарды мени,
Кеўли толып, қутқарды мени.
21 Жаратқан Ийе ҳақлығым ушын
сый берип,

Пәк қолларым ушын есесин
қайтарды.
22 Өйткени жүрдим Жаратқан
Ийениң жолы менен,
Жаманлық ислемедим,
Қудайымнан узақласып.
23 Көз алдымда сақладым барлық
қарарларын,
Оның қағыйдаларынан жүз
бурмадым.
24 Минсиз болдым Оның алдында,
Өзимди сақладым гүна
ислеўден.
25 Есесин қайтарды Жаратқан Ийе,
Ҳақлығым ҳәм көз алдындағы
пәклигим ушын.
26 Сен садыққа садықлық
көрсетип,
Минсизге минсиз боласаң.
27 Пәк адамға пәклигиңди
көрсетип,
Жалатайға жалатайшылығына
гөре ис тутасаң.
28 Езилгенлерди қутқарасаң,
Менменлерди бақлап,
көкирегин басасаң.
29 Қараңғылығымды жақтыға
айландыратуғын,
Шырағым Өзиңсең, Жаратқан
Ийе!
30 Сениң менен ләшкерлерди
қыйратып,
Қудайым менен дийўаллардан
асарман.
31 Қудайдың жолы минсиз,
Жаратқан Ийениң сөзи
исенимли,
Ол қалқаны Өзинен пана
излеген ҳәр бир адамның.
32 Жаратқан Ийеден басқа Қудай
бар ма?
Қудайымыздан басқа қорғаўшы
жартас бар ма?
33 Қудай мениң қорғаным,
Жолымды минсиз қылатуғын
да Ол.
34 Кийиктиң аяқларындай қылар
аяқларымды,
Қояр мени бийикликлерге.
35 Үйретеди қолларымды урысыўға,
Ҳәм қола оқ жайды керип
тартыўға.
36 Бересең маған қутқарылыў
қалқаныңды,
Мәртебели қылар жәрдемиң
мени.
37 Кең қыларсаң басар жолымды,
Аяқларым мениң сүрникпес.
38 Душпанларымның изинен
қуўып жоқ қылдым,
Оларды жоқ қылмай турып
изге қайтпадым.
39 Қырып, жоқ еттим, тура алмай
қалды,
Аяқларым астында созылып
жатты.
40 Саўаш ушын мени толтырдың
күшке,
Маған қарсы шыққанларды бас
ийдирдиң алдымда.
41 Душпанларымды меннен
қашатуғын қылдың,
Мен де өзимди жек
көргенлерди жоқ еттим.
42 Жалбарынды олар, бирақ
қутқарған болмады,
Жаратқан Ийени шақырды,
бирақ Ол жуўап бермеди.
43 Басқыладым оларды даладағы
ылай яңлы,
Басқыладым оларды жердеги
ылай яңлы.
44 Қутқардың халқымның
көтерилисинен мени,
Миллетлерге басшы қылыў
ушын сақладың мени,

Хызмет етер өзим танымайтуғын
халықлар маған.
45 Жат еллилер меннен айбынар,
Мен туўралы еситиўден маған
бойсынар.
46 Жат еллилердиң жүзлери
қуўарып,
Шықты титиреп, паналаған
жерлеринен.
47 Жаратқан Ийе тири! Қорғаўшы
жартасыма алғыслар
болсын!
Қутқарыўшы жартасым, Қудай
уллылансын!
48 Ол болады душпанларымнан өш
алыўыма жол қойған,
Халықларды маған
бойсындырған.
49 Алып шығар Ол
душпанларымның арасынан,
Үстин қылар маған қарсы
шыққанлардан,
Азат қылар жаўызлардың
қолынан.
50 Буның ушын Жаратқан Ийе!
Тәрийиплеймен Сени
миллетлер арасында,
Саз шертип алғыс айтаман
арнап атыңа.
51 Жаратқан Ийе Өз патшасын
уллы жеңислерге
еристирер,
Майлаған патшасы Даўытқа
ҳәм оның урпағына,
Мәңгиге мийрим-шәпәәтин
көрсетер».

### Даўыттың соңғы сөзлери

**23** 1 Даўыттың соңғы сөзлери
мыналар болды:

«Ишай улы Даўыт,
Қудай мәртебели қылған адам,
Яқыптың Қудайының
майлағаны,
Израилдың сүйикли жыршысы
былай дейди:
2 Сөйлер Жаратқан Ийениң
Руўхы мен арқалы,
Оның сөзи мениң тилимде.
3 Сөйледи Израилдың Қудайы,
Израилдың сүйенген жартасы
маған былай деди:
„Инсанларды әдиллик пенен
Ҳәм Қудайдан қорқып
басқарған адам,
4 Ол бултсыз аспандағы таң
нурына уқсайды,
Жерден шөп шығаратуғын
жаўыннан кейинги
нурларға уқсайды“.
5 Үй-ишим де Қудай менен солай
емес пе?
Ол мениң менен мәңги
қалатуғын,
Ҳәр тәреплеме қолайлы ҳәм
исенимли келисим дүзди.
Мениң қутқарылыўымды да,
тилеклеримди де Ол иске
асырмай ма?
6 Ал наҳақлар қол менен услап
болмайтуғын тикенлер
киби ылақтырылар,
7 Тикенлерди жоқ қылмақшы
болғанлар,
Темир әсбап ямаса найзаның
сабы менен қуралланар.
Тикенлер турған жеринде
жағып жиберилер».

### Даўыттың мәрт әскерлери

8 Даўыттың батыр жаўынгер-
лериниң атлары мыналар: үш
адамның ишинде басшы болған
тахкемонлы Иошеб-Башшебет. Ол
сегиз жүз адамға найза менен қарсы

шығып, бир ҳүжим еткенде ҳәмме-
син өлтирди.
9 Оннан кейингиси ахохлы До-
доның улы Элазар. Ол урысыў
ушын топланған филистлерге қар-
сы шыққан Даўыттың жанындағы
үш батырдың бири еди. Израиллы-
лар ол ўақытта артқа шегинген еди.
10 Бирақ Элазар орнында турып
қалды. Ол қолы талып, қылышқа
жабысып қалғанша, филистлерди
өлтирди. Сол күни Жаратқан Ийе
уллы жеңис инам етти. Израиллы-
лар тек өлгенлердиң затларын ол-
жаға алыў ушын ғана Элазардың
жанына барды.
11 Үшиншиси ҳарарлы Аге улы
Шамма еди. Филистлер Лехий-
деги бир қызыл лобия атызының
жанында топланғанда, Израил әс-
керлери олардың алдына түсип
қашқан еди. 12 Бирақ Шамма атыз-
дың ортасында турып, сол жерди
қорғады ҳәм филистлерди өлтир-
ди. Сонда Жаратқан Ийе уллы же-
ңис инам етти.
13 Жыйын-терим ўақтында, отыз
басшыдан үшеўи Даўытқа қосылыў
ушын Адуллам үңгирине келди.
Сол ўақытта филистлердиң бир то-
пары Рефаим ойпатлығында орда
қурған еди. 14 Сол ўақытта Даўыт
қорғанда, ал филистлердиң тийкар-
ғы топары Бейтлеҳемде еди. 15 Да-
ўыт суў ишкиси келип:
– Қәнекей, Бейтлеҳем дәрўазасы-
ның жанындағы суў сақлағыштан
биреў маған суў әкелип берсе еди! –
деди. 16 Сонда бул үш батыр фи-
листлердиң ордасын жарып өтип,
Бейтлеҳем дәрўазасының жанын-
дағы суў сақлағыштан суў алып,
Даўытқа әкелип берди. Бирақ
Даўыт оны ишиўден бас тартты
ҳәм суўды жерге төгип, Жаратқан
Ийеге усынды. 17 Ол:
– Жаратқан Ийе, буны ислеўден
мени сақлай гөр! Жанларын қәўип
астына қойып барған бул үш адам-
ның қанын ишейин бе? – деп, Да-
ўыт суўды ишпеди.
Бул үш батыр усындай ерлик көр-
сеткен еди.
18 Иоабтың иниси, Серуяның улы
Абишай сол отыз* батырдың бас-
шысы еди. Ол найзасы менен үш
жүз адамды өлтирди. Сол тәризде
ол үш батыр сыяқлы даңққа еристи.
19 Оның отыз* батырдан да даңқы
артып, олардың басшысы болғаны
менен, сол үш батырдың қатарына
кирмейтуғын еди.
20 Еҳояда улы қабсеелли Бенея
да мәрт жаўынгер болып, ол да ул-
лы ислер иследи. Ол моаблы еки
күшли жаўынгерди, ал қар жаўған
күни бир шуқырға түсип, арыслан-
ды өлтирди. 21 Және ол дәўдей бир
мысырлыны да өлтирди. Мысыр-
лының қолында найзасы бар еди.
Ал Бенея оған таяқ пенен қарсы
шығып, оның қолындағы найза-
сын тартып алды да, оны өзиниң
найзасы менен өлтирди. 22 Еҳояда
улы Бенаяның ислеген ислери мине
усылар. Ол да сол үш батыр сыяқ-
лы даңқ таратты. 23 Ол отыз батыр-
ға қарағанда атақлырақ болса да,
бирақ сол үш батырдың қатарына
кирмеди. Даўыт оны өзиниң тән
сақшыларына басшы етип қойды.
24 Отыз батырдың қатарында
болғанлар төмендегилер: Иоабтың
иниси Асаҳел, бейтлеҳемли Додо-
ның улы Элханан, 25 хародлылар
Шамма ҳәм Элиқа, 26 пелетли Хелес,

теқоалы Иккеш улы Ира, [27] ана-
тотлы Абиезер, хушалы Мабуннай,
[28] ахохлы Салмон, нетофалы Ма-
ҳарай, [29] нетофалы Баананың улы
Хелеб, Бенямин урыўынан гибалы
Рибайдың улы Иттай, [30] пиратонлы
Беная, Гааш сайлары аймағынан
Ҳиддай, [31] арабалы Абий-Албон,
бархумлы Азмаўет, [32] шаалбонлы
Эляхба, Яшенниң уллары: [33] ҳарар-
лы Шамманың улы Ионатан, ҳарар-
лы Шарар улы Ахиам, [34] маахалы
Ахасбай улы Элифелет, гилолы
Ахитофел улы Элиам, [35] кармелли
Хесрай, араблы Паарай, [36] собалы
Натан улы Игал, Гад урыўынан Ба-
ний, [37] аммон халқынан Селек, Се-
руя улы Иоабтың нөкери беэротлы
Нахарай, [38] Итер тийресинен Ира
ҳәм Гареб, [39] хет халқынан Урия.
Ҳәммеси отыз жети адам еди.

### Даўыттың санақтан өткериўи

**24** [1] Жаратқан Ийениң Израил
халқына және ғәзеби қай-
нады ҳәм Даўытты оларға қарсы
қойып, Израил ҳәм Яҳуда халқын
санап шығыўға ийтермеледи. [2] Сон-
да патша қасындағы сәркәрдасы Ио-
абқа мына буйрықты берип, оған:
– Даннан Беер-Шебаға шекемги
барлық урыўларға барып, халық-
ты санап шығыңлар, мен халықтың
санын билейин, – деди.
[3] Бирақ Иоаб Даўытқа:
– Қудайың Жаратқан Ийе Изра-
ил халқын ҳәзиргисинен жүз есе
қылып көбейтсин. Тақсыр, сиз де
буны көргейсиз. Бирақ, тақсыр,
неге усылай ислеўди қәлеп қалды-
ңыз? – деди.
[4] Деген менен, Иоабтың ҳәм әс-
кербасылардың сөзинен патшаның
сөзи үстин келди. Солай етип, олар
патшаның жанынан шығып, Изра-
ил халқын санаў ушын кетти.
[5] Олар Иордан дәрьясын кесип
өтип, Гад жериндеги ойпатлықтың
ортасындағы қаланың қубласына,
Ароерге шатыр қурып, сол жер-
де тоқтады. Соңынан ол жерден
Язерге, [6] Гиладқа, Тахтим-Ходши
жерлерине ҳәм Дан-Яаанға өтип,
айланба жол арқалы Сидонға бар-
ды. [7] Оннан кейин, Тир қорғанына
ҳәм хиў менен қанан халықлары-
ның барлық қалаларына барды.
Ақырында, Яҳуданың қубласын-
дағы Беер-Шебаға келди. [8] Олар
тоғыз ай жигирма күн елди бастан-
аяқ айланып шыққаннан кейин,
Ерусалимге қайтып келди. [9] Иоаб
санақ нәтийжесин Даўытқа баян
қылды. Израилда урысқа жарамлы
сегиз жүз мың, ал Яҳудада болса,
бес жүз мың адам бар екен.
[10] Халықты санақтан өткергеннен
кейин, Даўыттың ҳүжданы қый-
налды ҳәм Жаратқан Ийеге: «Бул
исти ислеп, үлкен гүнаға баттым.
Жаратқан Ийе, жалбарынаман, қу-
лыңның айыбын кеширe гөр! Мен
қатты ақмақлық қылдым», – деди.
[11] Ертеңине азанда Даўыт уйқы-
дан турмастан алдын, оның ўәлийи
болған пайғамбар Гадқа Жаратқан
Ийеден мынадай сөз түсти:
[12] – Барып, Даўытқа былай деп
айт: «Жаратқан Ийе былай дейди:
Мен саған үш жазаны усынаман.
Өзиңе солардың биреўин таңла,
кейин саған сол жазаны беремен».
[13] Гад Даўытқа барып, мыналар-
ды билдирди:
– Елиңизде жети жыл ашлық бол-
сын ба? Ямаса сизди қуўдалайтуғын

душпанларыңыздың алдында үш
ай қашып жүресиз бе? Яки, елиңиз
үш күн иллетке ушырасын ба? Ен-
ди жақсылап ойлап көрип, мени
Жибергенге не деп жууап берету-
ғынымды шешиң.
14 Дауыт Гадқа:
– Маған жүдә қыйын. Адамның
қолына түскенше, Жаратқан Ийе-
ниң қолына түсейин. Себеби Оның
рехими күшли, – деп жууап берди.
15 Солай етип, Жаратқан Ийе
азаннан баслап белгиленген уақыт-
қа шекем Израил халқына иллет
жиберди. Сонда Даннан Беер-Ше-
баға шекемги халықтан жетпис
мың адам өлди. 16 Бирақ Қудай-
дың периштеси Ерусалимди жоқ
қылмақшы болып қолын созғанда,
Жаратқан Ийе Өзи жиберип атыр-
ған қырғыннан уаз кешти хәм ха-
лықты қырған периштеге: «Жетер
енди, қолыңды тарт», – деди. Сол
уақытта Жаратқан Ийениң периш-
теси ебус халқынан болған Арауна-
ның қырман жеринде турған еди.
17 Дауыт халықты қырған периш-
тени көргенде, Жаратқан Ийеге:
«Гүна ислеп, жауызлық қылған
мен-ғо. Ал мына қойлардың не
жазығы бар? Өтинемен, жақсысы,
мени хәм әкемниң хожалығын жа-
зала», – деди.

## Дауыттың қурбанлық орын қурыуы

18 Сол күни пайғамбар Гад Да-
уытқа келип, оған:
– Ебус халқынан болған Арау-
наның қырман жерине барып,
сол жерде Жаратқан Ийеге арнап,
қурбанлық орын қурың, – деди.
19 Дауыт Гадтың сөзине Жаратқан
Ийениң буйрығы сыяқлы қулақ
асып, жолға шықты. 20 Арауна пат-
шаның хәм оның хызметшилери-
ниң өзине туурылап киятырғанын
көрди. Ол Дауыттың алдына барып,
ет бетинен жерге жығылып, тәжим
етти. 21 Соңынан ол:
– Тақсыр, не ушын қулыңыздың
жанына келдиңиз? – деп сорады.
Дауыт оған:
– Жаратқан Ийеге арнап қурбанлық
орын қурыу ушын, қырман жерин
сеннен сатып алыуға келдим. Халық-
қа келген иллет тоқтау ушын усылай
ислемекшимен, – деп жууап берди.
22 Арауна Дауытқа:
– Тақсыр, нени мақул көрсеңиз,
соны алып, Жаратқан Ийеге усы-
ның. Мине, жандырылатуғын қур-
банлық ушын өгизлер, отын ушын
түйек айдайтуғын тахта хәм өгиз-
лердиң ер-турманлары. 23 Тақсыр!
Мен булардың хәммесин сизге бе-
ремен, – деди. Соңынан:
– Қудайыңыз Жаратқан Ийениң
сизге кеули толсын! – деп қосып
қойды.
24 Бирақ патша:
– Яқ, болмайды! Сеннен бул нәр-
селерди қунын төлеп сатып аламан.
Себеби пулы төленбеген қурбан-
лықты Қудайым Жаратқан Ийеге
арнап жақпайман, – деди.
Солай етип, Дауыт қырман жерин
хәм өгизлерди елиу шекел гүмис-
ке сатып алды. 25 Дауыт сол жерге
Жаратқан Ийеге арнап қурбан-
лық орын қурып, жандырылатуғын
қурбанлықларды хәм татыулық
қурбанлықларын берди. Жаратқан
Ийе де ел ушын етилген дууаларға
жууап берди хәм Израилға келген
иллет тоқтады.

# Патшалар туўралы үшинши китап

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Бул китапта Израил халқының тарийхының даўамы сөз етиледи. Ўақыялар Даўыт ҳәм Сулайманның бирлескен патшалыққа ҳүкимдарлық еткен дәўири менен басланады. Китаптың даўамында патшалықтың бөлинип кетиўи, Яҳуда ҳәм Израил патшалықларының жүзеге келиўи ҳәм сол патшалықлардың биринши дәўири сөз етиледи. Сол дәўирде ҳүкимдарлық қылған патшалардың табыслары олардың сиясий ямаса экономикалық утыслары менен емес, ал Қудайға болған садықлығы менен баҳаланатуғын еди. Бул китапта ҳәм Патшалар туўралы төртинши китапта Яҳуда менен Израилдың тарийхындағы итибарға ылайықлы адамлар ҳәм ўақыялар сөз етиледи.

Буннан мақсет – тарийхта төменлеген еки патшалықтың тәғдири ҳаққында гүрриң етиў арқалы китап оқыўшыға әдеп-икрамлық туўрысында сабақ бериў. Бул еки патшалықтың халқы пайғамбарларға қулақ салмай, Қудайдан жүз бурғаны ушын душпанлардан жеңиледи.

Бул китап үш бөлимнен ибарат. Биринши бөлимде (1–2 баплар) патша Даўыттың өмириниң соңғы жыллары ҳәм оның улы Сулайманның Израил патшасы болғаны ҳаққында гүрриң етиледи. Екинши бөлимде (3–11 баплар) Сулайманның ҳүкимдарлығы дәўириндеги ўақыялар, оның қаншелли даңқ таратқаны ҳәм байығаны, әсиресе, Қудайдың Ерусалимдеги Ибадатхanaсын қалай қурғаны ҳәм оны Қудайға бағышлағаны туўрысында сөз етиледи.

Китаптың қалған бөлими (12–22 баплар) Сулайманның өлиминен соң жүз берген ўақыялардан – арқа тәрептеги урыўлардың Сулайман улы Рехабамға қарсы бас көтергени, Израил халқының еки патшалыққа бөлинип кеткени туўрысындағы ўақыялардан ибарат. Қубладағы патшалық – Яҳуда, арқадағысы – Израил деп аталады. Китаптың бул бөлими еки патшалықтың ҳүкимдарларының тарийхын өз ишине алады. Ҳәр бир патша Қудайға болған садықлығына қарап ҳүким қылынады. Егер патша Қудайдың нызамына садық болып, Оған әмел қылса, жақсы деп мақталады. Егер Қудайға қулақ салмай, туўры жолдан адасса, жаман деп ҳүким етиледи. Израил

патшаларының барлығы Қудайдан жүз бурып, жат қудайларға табынғаны ушын, жаман патшалар деп ҳүким етиледи. Яҳуда патшаларының көпшилиги өз бабасы патша Даўыттан сабақ алып, оның жолынан жүргени ҳәм Қудайға сыйынғаны ушын жақсы патшалар деп тән алынады.

---

### Патша Даўыттың соңғы жыллары

1 1 Патша Даўыт қартайып, бираз
жасқа барып қалды. Оның үстине
қанша көрпе жаўса да, ол ҳеш ысыма-
ды. 2 Сонда хызметшилери Даўытқа:
– Тақсыр! Жаныңызда болып сиз-
ге қараўы, қойныңызға кирип сиз-
ди ысытыўы ушын жас бир қыз
табайық, – деди.
3 Хызметшилер пүткил Израил-
ды аралап, сулыў қыз изледи ҳәм
шунемли Абишаг деген жас ҳәм
сулыў бир қызды таўып, оны пат-
шаға алып келди. 4 Қыз жүдә гөз-
зал еди. Ол патшаға қарап, оған
хызмет етти. Бирақ патша қызға
жақынласпады.

### Адонияның тахт ушын таласыўы

5 Даўыттың Хаггит деген ҳаялы-
нан туўылған улы Адония: «Мен
патша боламан», – деп көкирек кө-
терип жүрди. Ол өзине саўаш арба-
лары менен атларды ҳәм алдында
жуўырып жүретуғын елиў сақшы-
ны алды. 6 Әкеси Даўыт ҳеш қашан
оған: «Неге булай иследиң?» – деп,
оны тәртипке шақырып турмайту-
ғын еди. Адония Абшаломнан ке-
йин туўылған болып, ол да жүдә
сымбаты келискен жигит еди.
7 Адония Серуя улы Иоаб ҳәм
руўханий Абиятар менен кеңес-
ти ҳәм олар Адонияны қоллап қу-
ўатлады. 8 Бирақ руўханий Садоқ,
Еҳояда улы Беная, пайғамбар На-
тан, Шимей, Рей ҳәм Даўыттың тән
сақшылары Адонияға қосылмады.
9 Адония Рогел булағына жақын
жердеги Зохелет тасының жанын-
да қойлар, буғалар ҳәм семиртил-
ген таналарды қурбанлыққа шалды.
Оған өзиниң пүткил туўысқанла-
рын, яғный патшаның улларын ҳәм
патшаға хызмет ететуғын барлық
яҳудалыларды мирәт етти. 10 Бирақ
пайғамбар Натанды, Бенаяны, пат-
шаның тән сақшыларын ҳәм туўыс-
қаны Сулайманды мирәт етпеди.

### Сулайманның патша етип жәрияланыўы

11 Сонда Натан Сулайманның
анасы Бат-Шебаға былай деди:
– Хаггиттен туўылған Адонияның
өзин өзи патша деп жәриялағанын
еситпедиңиз бе? Мырзамыз Даўыт-
тың буннан хабары жоқ. 12 Енди
өзиңиздиң ҳәм улыңыз Сулайман-
ның өмирин қутқарып қалыўыңыз
ушын сизге бир мәсләҳәт берейин.
13 Барып, патша Даўыттың алдына
кириң ҳәм оған: «Тақсыр, меннен
соң сениң улың Сулайман патша бо-
лып, мениң тахтыма отырады, деп

маған ант ишкен жоқ па едиңиз?
Онда неге Адония патша болды?» –
деп айтың. 14 Сиз патша менен сөй-
лесип атырғаныңызда, изиңизше
мен де ишке кирип барып, сөзле-
риңизди тастыйықлайман.

15 Бат-Шеба патшаның жатақ жа-
йына кирди. Патша қатты қартай-
ған болып, шунемли Абишаг оған
хызмет етип атырған еди. 16 Бат-
Шеба жерге жығылып, патшаға
тәжим етти. Патша оннан:

– Тилегиң не? – деп сорады.

17 Бат-Шеба оған былай деп жу-
ўап берди:

– Тақсыр! Сиз: «Меннен кейин
улың Сулайман патша болып, тах-
тыма отырады», – деп Қудайыңыз
Жаратқан Ийе ҳақы маған ант бер-
ген едиңиз. 18 Мине, ҳәзир Адония
патша болып алған. Тақсыр, бун-
нан сизиң хабарыңыз жоқ. 19 Ол
бир қанша буғаларды, семиртил-
ген таналарды ҳәм қойларды қур-
банлыққа шалды. Оған патшаның
ҳәмме улларын, руўханий Абия-
тарды ҳәм сәркәрда Иоабты мирәт
етти. Бирақ сизге хызметететуғын
улыңыз Сулайманды мирәт етпе-
ди. 20 Тақсыр, пүткил Израилдиң
көзи сизде. Олар өзиңизден кейин
тахтыңызға кимниң отыратуғы-
нын билдириўиңизди күтип атыр.
21 Болмаса, сиз дүньядан өтип, ата-
бабаларыңызға қосылғаныңызда,
маған ҳәм улым Сулайманға айып
тағылады.

22 Бат-Шеба еле патша менен сөй-
лесип турғанда, пайғамбар Натан
да келди. 23 Патшаға: «Пайғамбар
Натан келди», – деп хабарлады.
Натан патшаның алдына келди де,
ет бетинен жығылып, тәжим етти.
24 Соңынан Натан былай деди:

– Тақсыр, сиз: «Меннен кейин
Адония патша болады, тахтыма
ол отырады», – деген бе едиңиз?
25 Ол бүгин барып, бир қанша бу-
ғаларды, семиртилген таналарды
ҳәм қойларды қурбанлыққа ша-
лып, сизиң барлық улларыңызды,
ордадағы әскербасыларды ҳәм руў-
ханий Абиятарды мирәт етти. Ҳә-
зир ҳәммеси оның менен ишип-жеп:
«Жасасын, патша Адония!» – деп
бақырысып атыр. 26 Бирақ Адония
мени, руўханий Садоқты, Еҳояда
улы Бенаяны ҳәм сизге хызмет ете-
туғын улыңыз Сулайманды мирәт
етпеди. 27 Тақсыр, булардың ҳәм-
меси сизиң рухсатыңыз бенен бо-
лып атыр ма? Не ушын өзиңизден
кейин тахтыңызға кимниң отыра-
туғынын қулларыңыз болған биз-
лерге билдирмедиңиз?

28 Патша Даўыт:

– Бат-Шебаны маған шақырың! –
деди.

Бат-Шеба келип, патшаның ал-
дында турды. 29 Патша Бат-Шеба-
ға былай деди:

– Мени барлық бәле-қадалардан
қутқарған тири Жаратқан Ийе ҳа-
қы ант ишемен: 30 «Меннен кейин
улың Сулайман патша болып, тах-
тыма отырады», – деп Израилдиң
Қудайы Жаратқан Ийе ҳақы саған
берген антымды бүгин орынлайман.

31 Сонда Бат-Шеба ет бетинен
жығылып, патшаға тәжим етти де:

– Мырзам Даўыт патша мәңги жа-
сасын! – деди.

32 Патша Даўыт:

– Руўханий Садоқты, пайғамбар
Натанды ҳәм Еҳояда улы Бенаяны
маған шақырың, – деди.

Олардың ҳәммеси патшаның ал-
дына келгенде, 33 патша оларға бы-
лай деди:
– Мениң хызметкерлеримди жа-
ныңызға алың ҳәм улым Сулай-
манды мениң ғашырыма миндирип,
Гихон булағына апарың. 34 Ол жер-
де руўханий Садоқ ҳәм пайғамбар
Натан оны майлап, Израилға патша
етип қойсын. Кейин кәрнай шалып:
«Жасасын, патша Сулайман!» – деп
жар салың. 35 Соңынан оның изи-
не ерип, қайтып келиң. Ол келип,
мениң тахтыма отырады ҳәм ме-
ниң орныма патша болады. Мен
оны Израил ҳәм Яҳудаға ҳүким-
дар етип тайынладым.
36 Еҳояда улы Беная патшаға жу-
ўап берип былай деди:
– Аўмийин. Тақсыр, сизиң
Қудайыңыз Жаратқан Ийе де
бул қарарды қоллап қуўатласын.
37 Жаратқан Ийе сиз бенен бирге
болғаны сыяқлы, Сулайман менен
де бирге болсын ҳәм оның патша-
лығын сизиң патшалығыңыздан
да уллырақ қылсын!
38 Руўханий Садоқ, пайғамбар
Натан, Еҳояда улы Беная ҳәм ке-
ретлер менен пелетлерден алынған
тән сақшылар[a] Сулайманды патша
Даўыттың ғашырына миндирип,
оны Гихонға алып барды. 39 Руў-
ханий Садоқ Муқаддес шатырдан
зәйтүн майы қуйылған шақты
алып, Сулайманның басына май
қуйды. Соңынан олар кәрнай шал-
ды ҳәм ҳәмме адамлар: «Жасасын,
патша Сулайман!» – деп бақырды.
40 Халық Сулайманның изине ерип
кетти. Олардың сырнай шалып, ул-
лы қуўаныш пенен бақырысқан да-
ўысларынан жер титиреди.
41 Адония ҳәм оның жанында-
ғы қонақлар енди аўқатларын жеп
болғанда, усы даўысты еситти. Ио-
аб кәрнай даўысын еситкенде:
– Қаланы ләрзеге келтирип атыр-
ған бул не шаўқым екен? – деди.
42 Ол еле сөйлеп турғанда, руўха-
ний Абиятардың улы Ионатан ке-
лип қалды. Адония оған:
– Ишке кир, сен өзиң садық адам-
саң, алып келген хабарың да жақ-
сы болса керек, – деди.
43 Ионатан оған былай деп жу-
ўап берди:
– Яқ, бул рет басқаша. Мырза-
мыз Даўыт патша Сулайманды
патша етип қойды. 44 Патша руў-
ханий Садоқты, пайғамбар На-
танды, Еҳояда улы Бенаяны ҳәм
керетлер менен пелетлерден алын-
ған тән сақшыларды Сулайманға
қосып жиберди. Олар Сулайман-
ды патшаның ғашырына миндир-
ди. 45 Гихонда Сулайман руўханий
Садоқ ҳәм пайғамбар Натан тәре-
пинен майланып, патша етип қо-
йылды. Олар сол жерден қуўаныш
пенен қайтып келди ҳәм қала жан-
ланып кетти. Еситип турғаныңыз
олардың даўыслары. 46 Сулайман
ҳәзир патшалық тахтында оты-
рыпты. 47 Буннан тысқары, патша-
мыз Даўытты қутлықлаўға келген
хызметшилери: «Қудайыңыз Су-
лайманның атын сизиң атыңыздан
атақлырақ, ал оның патшалы-
ғын сизиң патшалығыңыздан да

---

a **1:38** *Керетлер менен пелетлерден алынған тән сақшылар* – шет елден жал-
лап алынған тән сақшылар болыўы мүмкин.

уллырақ қылсын!», – дегенде, пат-
ша төсегинде жатып, тәжим етип:
48 «Бүгин көзимниң тирисинде ур-
пағымнан бирин тахтыма отыр-
ғызғаны ушын Израилдың Қудайы
Жаратқан Ийеге алғыслар бол-
сын!» – деди.

49 Сонда Адонияның қонақла-
рының ҳәммесин қорқыў басып,
орынларынан турды да, ҳәр бири
өз жолына түсти. 50 Адония болса,
Сулайманнан қорққанынан орны-
нан турды да, қурбанлық орынға
барып, оның шақларына жабыс-
ты. 51 Буны Сулайманға хабарлап:

– Адония сизден қорқып, қурбан-
лық орынның шақларына жабысып
алған. Ол: «Дәслеп патша Сулай-
ман қулы болған мени қылыш пе-
нен өлтирмейтуғынын айтып ант
ишсин», – деп атыр, – деди.

52 Сулайман оларға:

– Егер ол маған садық адам бол-
са, оның шашының бир талына да
зыян тиймейди. Ал егер ишинде
қандай да бир жаманлық бар бол-
са, онда ол өлтириледи, – деп жу-
ўап берди.

53 Соңынан патша Сулайман жи-
берген адамлар Адонияны қурбан-
лық орыннан алып келди. Адония
келип, патша Сулайманға тәжим
етти. Сулайман оған:

– Үйиңе бар, – деди.

## Даўыттың Сулайманға берген ўәсиятлары

**2** 1 Даўыттың өлими жақынлас-
қанда, ол улы Сулайманға мына
ўәсиятларды берди:

2 – Басқалар сыяқлы мен де жа-
қын арада бул дүньяны тәрк ете-
мен. Сен күшли ҳәм мәрт бол.
3 Ислеген ҳәр бир исиңде ҳәм бар-
ған ҳәр бир жериңде табысқа ери-
сиўиң ушын, Қудайың Жаратқан
Ийениң тапсырмаларын орын-
лап, Оның жолларынан жүр ҳәм
Муўсаның Нызамында жазылға-
нындай, Қудайдың қағыйдалары-
на, буйрықларына, нызамларына
ҳәм қарарларына бойсын. 4 Сонда
Жаратқан Ийе маған берген мына
сөзин орынлайды: «Егер урпақ-
ларың өз жолларынан адаспай,
шын жүректен ҳәм жан-тәни ме-
нен Маған садық болып жүрсе, се-
ниң урпағыңнан Израил тахтында
отыратуғын ер адамның изи үзил-
мейди».

5 Буннан тысқары сен Серуя улы
Иоабтың маған нелер ислегенин
билесең. Ол Израилдың еки сәр-
кәрдасы Нер улы Абнер менен Етер
улы Амасаны өлтирип, тыныш-
лық ўақтында урыстағыдай қан
төкти ҳәм белиндеги белбеўи ме-
нен аяғындағы сандалларын қанға
былғады. 6 Сен ақыл менен ис тут.
Бирақ оның ғарры басының өли-
лер мәканына тынышлық пенен
кириўине жол қойма.

7 Гиладлы Барзиллайдың улла-
рына жақсылық исле. Оларға дас-
турханыңнан аўқатланатуғынлар
арасынан орын бер. Өйткени мен
әжағаң Абшаломнан қашып жүр-
генимде, олар маған жәрдем берди.

8 Бенямин урыўынан болған
бахуримли Гераның улы Шимей
де сениң жаныңда. Ол Махана-
йымға қарай қашып баратырға-
нымда, мени қатты ғарғаған еди.
Бирақ соңынан ол мени күтип алыў
ушын Иордан дәрьясының бойы-
на келди. Сонда мен оған: «Сени

қылыш пенен өлтирмеймен», –
деп Жаратқан Ийе ҳақы ант ишкен едим. 9 Деген менен, сен оны
жазасыз қалдырма. Сен ақыллы адамсаң, оған не ислеўди өзиң билесең. Оның ғарры басын өлилер мәканына қаны менен жибер.

### Даўыттың өлими

10 Даўыт өлип, ата-бабаларына қосылғанда, ол өзиниң аты менен
атылған қалаға жерленди. 11 Даўыт
Израилда қырық жыл патшалық етип, оның жети жылын Хебронда, отыз үш жылын Ерусалимде
өткизди. 12 Солай етип, Сулайман
әкеси Даўыттың тахтына отырды ҳәм оның патшалығы жүдә беккем болды.

### Адонияның өлими

13 Хаггит улы Адония Сулайманның анасы Бат-Шебаның жанына барды. Бат-Шеба оннан:
– Аманлық па? – деп сорады.
Адония оған:
– Аманлық, – деп жуўап берди.
14 Соңынан ол:
– Сизге бир нәрсе айтпақшы едим, – деди.
Бат-Шеба оған:
– Айта бер, – деди.
15 Адония Бат-Шебаға былай деди:
– Өзиңиз билесиз, патшалық маған тийисли еди ҳәм пүткил Израил мениң патша болыўымды күтип жүрген еди. Бирақ жағдай өзгерип, патшалық инимниң қолына өтти. Себеби Жаратқан Ийениң ерки усы
еди. 16 Бирақ мениң сизден бир тилегим бар. Өтинемен, қарсылық билдирмең.
Бат-Шеба:
– Айт, – деди.
17 Сонда Адония Бат-Шебаға:
– Өтинемен, патша Сулайман менен сөйлесиң. Ол сизге қарсылық билдирмейди. Маған шунемли Абишагты ҳаяллыққа берсин, – деди.
18 Бат-Шеба оған:
– Яқшы, сен туўралы патша менен сөйлесип көрейин, – деп жуўап берди.
19 Бат-Шеба Адонияның өтиниши туўралы сөйлесиў ушын патша Сулайманға кетти. Сулайман анасын күтип алыў ушын орнынан турып, анасына тәжим етти ҳәм соңынан тахтына отырды. Патша өзиниң оң тәрепине бир тахт қойдырып,
оған анасын отырғызды. 20 Анасы
тахтқа отырғаннан соң, патшаға:
– Сеннен кишкене бир өтинишим бар еди, сөзимди жерде қалдырма, – деди.
Патша оған:
– Айта бериң, анажан, сөзиңизди жерде қалдырмайман, – деди.
21 Бат-Шеба патшаға:
– Шунемли Абишагты әжағаң Адонияға ҳаяллыққа берсең қәйтеди? – деди.
22 Патша Сулайман анасына:
– Не ушын Адонияға тек шунемли Абишагты сорап турсыз? Ол ушын патшалықты да сорасаңыз болар еди. Ақыры ол меннен үлкен. Буның үстине, руўханий Абиятар менен Серуя улы Иоаб та ол тәрепте емес пе? – деди.
23 Соңынан патша Сулайман
Жаратқан Ийениң аты менен ант ишип былай деди:
– Егер Адонияны бул гәпи ушын өлтиртпесем, Қудай мени жазалаған
үстине жазаласын! 24 Мени күшке

толтырып, әкем Даўыттың тахты-
на отырғызған ҳәм Израил патша-
ларының мениң урпағымнан келип
шығатуғынын айтып, ўәде еткен
тири Жаратқан Ийе ҳақы ант ише-
мен: Адония бүгин-ақ өлтириледи.
25 Солай етип, патша Сулайман
Еҳояда улы Бенаяға Адонияны өл-
тириўди буйырды. Ол барып, Адо-
нияны өлтирди.

### Абиятардың сүргин етилиўи ҳәм Иоабтың өлими

26 Патша руўханий Абиятарға:
– Сен Анатоттағы өз жериңе бар.
Негизинде, сен өлимге ылайықлы-
саң. Бирақ ҳәзир сени өлтирмей-
мен. Себеби сен әкем Даўыттың
алдында Қудай Ийениң сандығын
көтерип жүрдиң ҳәм әкем шеккен
ҳәр бир азапты оның менен бирге
бастан кеширдиң, – деди. 27 Сулай-
ман Абиятарды Жаратқан Ийениң
руўханийлигинен шетлетти. Солай
етип, Жаратқан Ийениң Шилода
Элийдиң үй-ишине қарсы айтқан
сөзи орынланды[а].
28 Бул хабар Иоабқа да жетти. Ио-
аб Абшаломға қосылмаған болса
да, Адонияны қоллап қуўатлаған
еди. Сонлықтан Иоаб Жаратқан
Ийениң шатырына қашып барып,
қурбанлық орынның шақларына
жабысты. 29 Иоабтың Жаратқан
Ийениң шатырына қашып барып,
қурбанлық орынның жанында тур-
ғаны патша Сулайманға хабарлан-
ды. Сулайман Еҳояда улы Бенаяға
барып, оны өлтириўди буйырды.
30 Беная Жаратқан Ийениң ша-
тырына барып, Иоабқа:
– Патша сыртқа шығыўыңды бу-
йырады, – деди.
Бирақ Иоаб:
– Яқ, мен усы жерде өлмекши-
мен, – деп жуўап берди.
Сонда Беная барып, Иоабтың
берген жуўабын патшаға жеткизди.
31 Патша Бенаяға былай деди:
– Оның айтқанындай исле. Оны
өлтирип, жерле. Усылайынша, Ио-
абтың жазықсыз төккен қанлары-
ның қунын мениң ҳәм әкемниң
урпақларының мойнынан алып
тасла. 32 Жаратқан Ийе оның төк-
кен қаны ушын өзин жазаласын.
Себеби ол әкем Даўытқа билдир-
местен, өзинен әдилирек ҳәм өзи-
нен жақсырақ болған еки адамды:
Израилдың сәркәрдасы Нер улы
Абнерди ҳәм Яҳуданың сәркәрда-
сы Етер улы Амасаны қылыш пенен
өлтирди. 33 Солай етип, олардың
қаны мәңгиге Иоабтың ҳәм оның
урпақларының мойнында қалады.
Ал Жаратқан Ийе Даўытқа, оның
урпақларына, үй-ишине ҳәм тах-
тына мәңгиге тынышлық береди.
34 Еҳояда улы Беная барып, Иоаб-
ты өлтирди ҳәм ол шөлдеги өз үйи-
не жақын жерге жерленди. 35 Патша
Иоабтың орнына Еҳояда улы Бе-
наяны сәркәрда етип, ал Абиятар-
дың орнына Садоқты руўханий
етип тайынлады.

### Шимейдиң өлими

36 Буннан кейин патша адам жи-
берип, Шимейди шақыртты ҳәм
оған былай деди:
– Ерусалимде бир үй қурып алып,
сол жерде жаса. Ҳеш жаққа кетпе.

---

а **2:27** 1Пат 2:27-36.

[37] Ол жерден шығып, Кидрон сайы-
нан өткен күниң-ақ сөзсиз өлтири-
летуғыныңды билип қой. Өз қаның
ушын өзиң жуўапкер боласаң.
[38] Шимей патшаға:
– Тақсыр, қуллық. Сиз не десеңиз,
қулыңыз болған мен соны орын-
лайман, – деди.
Солай етип, Шимей узақ ўақыт
Ерусалимде жасады.
[39] Бирақ арадан үш жыл өткен-
нен соң, Шимейдиң еки қулы Гат
патшасы Мааха улы Ахиштиң жа-
нына қашып кетти. Шимейге қул-
ларының Гатта екенлиги туўралы
хабар келди. [40] Сонда Шимей еше-
гин ертлеп, қулларын излеў ушын
Гатқа, Ахиштиң жанына кетти. Ол
қулларын қайтарып әкелди.
[41] Шимейдиң Ерусалимнен шы-
ғып, Гатқа барып қайтқаны туў-
ралы Сулайманға хабар жетти.
[42] Сонда Сулайман Шимейди ша-
қыртып, оған былай деди:
– Саған Жаратқан Ийе ҳақы ант
иштирген жоқ па едим? «Билип қой,
қаладан шығып, қандай да бир жер-
ге барған күниң-ақ сөзсиз өлтириле-
сең», – деп ескертпеген бе едим? Сен
де маған: «Қуллық, ыразыман», – де-
меген бе едиң? [43] Онда неге Жаратқан
Ийениң алдында ишкен антыңа ҳәм
мениң буйрығыма бойсынбадың?
[44] Патша сөзин даўам етип, Ши-
мейге және былай деди:
– Сен әкем Даўытқа ислеген бар-
лық жаманлықларыңды жақсы
билесең. Бул ислеген жаманлық-
ларыңды Жаратқан Ийе өзиңе қай-
тарады. [45] Бирақ Жаратқан Ийе
мени жарылқасын ҳәм Даўыттың
тахты Жаратқан Ийениң алдында
мәңгиге беккем болсын.
[46] Патша Еҳояда улы Бенаяға буй-
рық берди. Ол Шимейди алып шы-
ғып, өлтирди.
Солай етип, Сулайманның пат-
шалығы беккемленди.

## Сулайманның Қудайдан даналық сораўы

**3** [1] Сулайман Мысыр патшасы
фараонның қызларының би-
рине үйленип, фараон менен бай-
ланыс дүзди. Ол ҳаялын Даўыттың
қаласына алып келди. Сулайман өз
сарайын, Жаратқан Ийениң Үйин
ҳәм Ерусалимниң әтирапындағы
дийўалларды тиклегенше, ҳаялы
сол жерде жасады. [2] Халық еле сы-
йыныў орынларында қурбанлықлар
беретуғын еди. Себеби сол ўақытқа
шекем Жаратқан Ийениң атына ар-
нап Үй қурылмаған еди. [3] Сулайман
әкеси Даўыттың көрсетпелери менен
жүрип, Жаратқан Ийени сүйетуғын
еди. Деген менен, ол да сыйыныў
орынларында қурбанлықлар берип,
түтеткилер түтететуғын еди.
[4] Патша қурбанлық бериў ушын
Гибон қаласына кетти, себеби сы-
йыныў орнының ең баслысы сол
жерде еди. Сулайман сол қурбан-
лық орында мың бас малды жан-
дырылатуғын қурбанлыққа берди.
[5] Гибонда болғанда, Сулайман түн-
де түс көрди. Түсинде Жаратқан
Ийе оған көринип:
– Тиле тилегиңди, сорағаныңды
беремен, – деди.
[6] Сулайман Оған былай деди:
– Сен қулың болған әкем Даўытқа
үлкен жақсылық иследиң. Себеби
ол ҳақ ҳәм Саған садық болып, Се-
ниң алдыңда шын жүректен туўры
ислерди ислеп жүрди. Сен бүгин

оған тахтына отыратуғын бир ул
инам етип, оған үлкен жақсылық
ислеўди даўам еттиң. 7 О Қудайым
Жаратқан Ийе, Сен Өз қулыңды
әкем Даўыттың орнына патша етип
қойдың. Бирақ мен еле жүдә жас-
пан, басқарыўға еле тәжирийбем
жоқ. 8 Қулың Өзиң таңлаған ха-
лықтың, көплигинен санап шығыў
мүмкин болмаған уллы халықтың
ортасында тур. 9 Сонлықтан жа-
ман менен жақсыны айырып би-
лип, халқыңа бийлик етиўим ушын,
маған ақылға толы бир жүрек бер.
Болмаса, Сениң бул уллы халқың-
ды ким басқара алады?

10 Сулайманның бул тилегине
Ийемиздиң кеўли толды. 11 Қудай
Сулайманға былай деди:

– Сен өзиң ушын узақ өмир, бай-
лық ҳәм душпанларыңның өлимин
тилемедиң, ал дурыс ҳүким жүрги-
зиў ушын даналық сорадың. 12 Мен
сениң тилегинди орынлайман. Са-
ған даналыққа ҳәм ақылға толы
жүрек беремен. Саған уқсағаны
сеннен бурын болмаған ҳәм сен-
нен кейин де болмайды. 13 Саған
сорамағанларыңды да: байлық ҳәм
даңқты да беремен. Өмириң бойы
патшалар арасында саған тең ке-
летуғыны болмайды. 14 Егер сен де
әкең Даўыт сяқлы қағыйдалары-
ма ҳәм буйрықларыма бойсынып,
Мениң жолларым менен жүрсең,
саған узақ өмир де беремен.

15 Сулайман оянғанда, бунының
түси екенин аңлады. Соңынан
Ерусалимге келди. Ол Ийемиз-
диң Келисим сандығының ал-
дында турып, жандырылатуғын
қурбанлықлар ҳәм татыўлық қур-
банлықларын берди. Ол пүткил
хызметшилери ушын үлкен зыя-
пат берди.

## Сулайманның дана ҳүкими

16 Бир күни еки бузық ҳаял пат-
шаның алдына келди. 17 Ҳаяллар-
дың бири патшаға былай деди:

– Тақсыр! Мен мына ҳаял менен
бир үйде жасайман. Бизлер бир-
ге қалған ўақытта, мен босандым.
18 Мен босанғаннан кейин, үшинши
күни мына ҳаял да босанды. Бизлер
бирге едик, үйде екеўимизден басқа
ҳеш ким жоқ еди. 19 Түнде мына ҳа-
ял баласын астына басып алып, өл-
тирип қойыпты. 20 Қулыңыз болған
мен уйықлап атырғанымда, түн ор-
тасында ол орнынан турып, мениң
баламды жанымнан алып, өзиниң
қойнына жатқарыпты. Ал өзиниң
өлип қалған баласын болса, мениң
қойныма салыпты. 21 Таңда балам-
ды емизиў ушын турғанымда, ол
жансыз жатырған екен. Бирақ азан-
да дыққат пенен қарағанымда, оның
мениң балам емес екенин билдим.

22 Екинши ҳаял:

– Яқ, тири бала меники, өлгени
сеники, – деди.

Биринши ҳаял:

– Яқ, өлген бала сеники, ал тири-
си меники, – деди.

Олар патшаның алдында усылай
тартысып турды.

23 Сонда патша:

– Биреўиңиз: «Тири бала мени-
ки, ал өлгени сеники», – дейсиз.
Екиншиңиз: «Өлген бала сеники, ал
тириси меники», – дейсиз. 24 Онда
маған бир қылыш әкелиңлер! – деди.

Қылыш алып келингенде, 25 патша:

– Тири баланы екиге бөлип, ярь-
мын биреўине, қалған ярымын

екиншисине бериңлер, – деп бу-
йырды.
26 Сонда баласына жаны ашып,
жүреги сызлаған тири баланың
анасы патшаға:
– Тақсыр, өтинемен, тири бала-
ны өлтирмең, оны мына ҳаялға
бериң, – деди.
Ал екинши ҳаял болса:
– Бала саған да, маған да жоқ, оны
екиге бөлиң, – деди.
27 Сонда патша жуўап берип:
– Тоқтаңлар, баланы өлтирмең-
лер! Оны биринши ҳаялға бе-
риңлер. Баланың анасы – сол
болады, – деди.
28 Пүткил израиллылар патша
шығарған бул ҳүкимди еситип, пат-
шаны ҳүрмет ететуғын болды. Се-
беби олар Сулайманда әдил ҳүким
шығарыў ушын, Қудайдан берил-
ген даналық бар екенин билди.

## Сулайманның қол астындағы ҳәмелдарлары

4 1 Сулайман пүткил Израилдың
патшасы еди. 2 Оның қол астын-
дағы ҳәмелдарлары мыналар еди:
Садоқ улы Азария – руўханий;
3 Шишаның уллары Элихореф
пенен Ахия – хаткерлер;
Ахилуд улы Еҳошафат – дийўан-
беги;
4 Еҳояда улы Беная – сәркәрда;
Садоқ ҳәм Абиятар – руўханийлер;
5 Натан улы Азария – үлке ҳә-
кимлериниң баслығы;
Натан улы Забуд – руўханий ҳәм
патшаның мәсләҳәтшиси;
6 Ахишар – сарай басқарыўшысы;
Абда улы Адонирам – мәрдикар-
ға алынғанлар үстинен жуўапкер.
7 Сулайманның пүткил Израил
үлкелерин басқаратуғын он еки
ҳәкими бар еди. Олар патшаны
ҳәм оның үй-ишин азық-аўқат пе-
нен тәмийинлеп туратуғын болып,
олардың ҳәр бири жылына бир ай
патшаны ҳәм оның үй-ишин азық-
аўқат пенен тәмийинлеўи шәрт еди.
8 Олардың атлары мыналар:
Эфрайымның таўлы үлкесиниң
ҳәкими Бен-Хур;
9 Мақас, Шаалбим, Бейт-Ше-
меш, Элон-Бейт-Ханан қалалары-
ның ҳәкими Бен-Декер;
10 Сохо ҳәм пүткил Хефер жер-
лерин өз ишине алған Аруббот
үлкесиниң ҳәкими Бен-Хесед;
11 Пүткил Нафат-Дор үлкесиниң
ҳәкими Сулайманның қызы Та-
фаттың күйеўи Бен-Абинадаб;
12 Таанах, Мегиддо, Изреел-
диң қубласындағы Саретанның
жанындағы пүткил Бейт-Шеан
ҳәм Бейт-Шеаннан Абел-Мехола
менен Иоқмеамның арғы жағына
дейин созылып жатырған үлке-
лердиң ҳәкими Ахилуд улы Баана;
13 Гиладтағы Менашше урпағы-
нан болған Яирге тийисли қа-
лаларды ҳәм Башандағы Аргоб
дөгерегиндеги дийўаллар менен
қоршалып, дәрўазасына қола тәмби
басылған үлкен алпыс қаланы өз
ишине алған Гилад жериндеги Ра-
мот қаласының ҳәкими Бен-Гебер;
14 Маханайым үлкесиниң ҳәкими
Иддо улы Ахинадаб;
15 Нафталий үлкесиниң ҳәкими
Сулайманның қызы Басематтың
күйеўи Ахимаас;
16 Ашер ҳәм Беалот үлкелериниң
ҳәкими Хушай улы Баана;
17 Иссахар үлкесиниң ҳәкими
Паруах улы Еҳошафат;

[18] Бенямин үлкесиниң ҳәкими
Эла улы Шимей;
[19] Гилад жериниң, яғный амор-
лардың патшасы Сихонның ҳәм
Башан патшасы Огтың ески жерле-
риниң ҳәкими Урий улы Гебер. Ол
сол үлкениң жалғыз ҳәкими еди.

### Сулайманның бир күнлик керек-жарағы

[20] Яҳуда ҳәм Израил халқы те-
ңиздиң қумындай көп болып, олар
жеп-ишип шадлық ишинде жасады.
[21] Сулайман Евфрат дәрьясынан
филистлердиң жерине ҳәм Мысыр
шегараларына шекемги барлық
патшалықлар үстинен ҳүкимдар-
лық етти. Олар Сулайманның өми-
ри даўамында оған салық төлеп,
хызмет етти. [22] Сулайманның са-
райының бир күнлик азық-аўқа-
ты отыз кор[a] сапалы бийдай уны,
алпыс кор ири тартылған бийдай
уны, [23] семиртилген он буға, жай-
лаўдан алынған жигирма буға, жүз
қой, және де, суўынлар, жейран-
лар, антилопалар ҳәм семиз қус-
лардан ибарат еди. [24] Сулайман
Тифсахтан Газаға шекемги, Евфрат
дәрьясының батысындағы пүткил
патшалықлар үстинен ҳүкимдар-
лық етти. Ол әтирантағы барлық
еллер менен тынышлықта жасады.
[25] Сулайманның дәўиринде Дан-
нан Беер-Шебаға шекемги Яҳуда
ҳәм Израил халқының ҳәр бири
өзлериниң әнжир ҳәм жүзим ағаш-
лары астында тыныш өмир сүрди.
[26] Сулайманның саўаш арбалары
ушын төрт мың* ат қорасы ҳәм он
еки мың аты бар еди.
[27] Сол он еки ҳәкимниң ҳәр бири
өзи ушын белгиленген бир ай да-
ўамында патша Сулайманды ҳәм
оның дастурханынан аўқат жей-
туғынлардың ҳәммесин азық-аў-
қат пенен тәмийинлейтуғын еди.
Олар бирде бир кемшиликке жол
қоймайтуғын еди. [28] Ҳәр бир ҳәким
белгиленген жерге саўаш арбала-
рының атлары ҳәм шапқыр атлар
ушын арпа менен сабан жеткизип
туратуғын еди.

### Сулайманның даналығы

[29] Қудай Сулайманға мол дана-
лық, ақыл ҳәм теңиз жағасындағы
қум сыяқлы шексиз терең түси-
ниўшилик берди. [30] Сулайманның
даналығы пүткил шығыс халықла-
рының даналығынан ҳәм Мысыр-
дың пүткил даналығынан да үстин
еди. [31] Ол барлық адамлардан өт-
кен дана болып, Эзрах нәсилинен
болған Этаннан, Махолдың улла-
ры Ҳеман, Калкол ҳәм Дардадан
да дана еди. Оның даңқы әтирап-
тағы пүткил халықларға жайылды.
[32] Ол үш мың нақыл-мақал айтты
ҳәм оның бир мың бес қосығы бар
еди. [33] Сулайман Лебанон таўла-
рындағы кедр ағашынан баслап,
дийўалда өсип туратуғын майо-
ран шөбине шекем сөз етти. Ол
ҳайўанатлар, қуслар, жер баўыр-
лаўшылар ҳәм балықлар туўралы
да айтты. [34] Ҳәмме халықлардан
адамлар келип, Сулайманның дана
сөзлерин тыңлайтуғын еди. Олар
Сулайманның даналығы туўралы
еситкен дүньяның барлық патша-
ларынан жиберилген еди.

---

a **4:22** *Отыз кор* – бир кор шама менен 220 л.

### Қудайдың Үйиниң қурылысына таярлық

**5** 1 Тир патшасы Хирам Сулайман-
ның майланып, әкеси Даўыттың
орнына патша етип қойылғанын
еситкенде, Сулайманды қутлықлаў
ушын елшилерин жиберди. Себеби
Хирам өмир бойы Даўытқа дос бо-
лып келген еди. 2 Сулайман да Хи-
рамға өз елшилерин жиберип, былай
деди: 3 «Өзиңиз билесиз, әкем Да-
ўыт әтирапындағы душпанлары ме-
нен саўаш жүргизгенликтен, Қудайы
Жаратқан Ийениң атына арнап Үй
қура алмады. Жаратқан Ийе саўаш-
ларда душпанларын оның аяғының
астына таслағанға шекем, ол бул
исти қыла алмады. 4 Енди Қудайым
Жаратқан Ийе маған ҳәр тәреплеме
тынышлық берди. Ҳәзир бирде бир
душпаным да, дөнип турған қәўип те
жоқ. 5 Жаратқан Ийе әкем Даўытқа:
„Мен сениң тахтыңа отырғызатуғын
улың Мениң атыма арнап Үй қура-
ды“, – деген еди. Сонлықтан мен
Қудайым Жаратқан Ийениң атына
арнап Үй қурыўды нийет еттим. 6 Ен-
ди мен ушын Лебанон таўларынан
кедр ағашларын кесиў ушын адам-
ларыңызға буйрық берсеңиз. Мениң
адамларым да сизиң адамларыңыз
бенен бирге ислейди ҳәм мен сизиң
адамларыңызға өзиңиз белгилеген
мийнет ҳақыны төлеймен. Бизлерде
ағаш кесиўде сидонлылар сыяқлы
тәжирийбели адамлар жоқ екенин
өзиңиз билесиз».
7 Хирам Сулайманның бул сөз-
лерин еситкенде, қатты қуўанып:
«Бүгин бул уллы бир халықты бас-
қарыў ушын Даўытқа дана бир ул
берген Жаратқан Ийеге алғыслар
болсын!» – деди. 8 Соңынан ол Су-
лайманға мына хабарды жиберди:
«Маған жиберген хабарыңызды ал-
дым. Кедр ҳәм сәрўи ағашларына
байланыслы барлық тилеклери-
ңизди орынлайман. 9 Адамларым
оларды Лебанон таўларынан те-
ңизге алып келеди. Мен оларды
сал етип буўдырып, теңиз арқалы
айтқан жериңизге жеткизип бере-
мен. Адамларым сол жерде саллар-
ды шешип, жыйып береди, сизлер
алып кетесизлер. Сиз де тилегимди
орынлап, мениң үй-ишимди азық-
аўқат пенен тәмийинлесеңиз».
10 Хирам Сулайманға керегинше
кедр ҳәм сәрўи ағашларын берди.
11 Сулайман болса, Хирамның үй-
ишиниң азық-аўқаты ушын ҳәр
жылы жигирма мың кор бийдай,
жигирма кор сапалы зәйтүн майын
берип турды. 12 Жаратқан Ийе ўә-
де еткениндей, Сулайманға дана-
лық берди. Сонлықтан Сулайман
менен Хирам арасында татыўлық
болып, олар өз ара келисим дүзди.
13 Патша Сулайман қара жумыс
ислетиў ушын пүткил Израилдан
отыз мың адамды мәрдикарға алды.
14 Гезек пенен ҳәр айда олардан он
мыңын Лебанон таўларына жибер-
ди. Олар бир ай Лебанон таўларын-
да, еки ай үйлеринде болатуғын
еди. Бул адамларға Адонирам бас-
шылық етти. 15 Және де, Сулайман-
ның жүк тасыйтуғын жетпис мың
адамы ҳәм таўларда тас кесетуғын
сексен мың адамы бар еди. 16 Бу-
лардан тысқары, Сулайман истиң
барысын бақлап, жумысшылар-
ды қадағалап туратуғын үш мың
үш жүз қадағалаўшы тайынлады.
17 Патшаның буйрығы бойынша,

жумысшылар Үйдиң тийкарын жо-
нылған таслардан қалаў ушын үл-
кен ҳәм сапалы тасларды кесип
шығарды. 18 Сулайманның ҳәм Хи-
рамның адамлары гебаллылар ме-
нен бирге Үйдиң қурылысы ушын
ағашлар менен тасларды жонып
таярлады.

## Қудайдың Үйиниң қурылыўы

6 1 Израил халқының Мысыр-
дан шыққанына төрт жүз сек-
сен жыл болғанда, Сулайманның
Израил тахтына отырғанына төрт
жыл болған еди. Ол сол жылдың
екинши айында, яғный зиў айында
Жаратқан Ийениң Үйиниң қурылы-
сын баслады.
2 Патша Сулайманның Жаратқан
Ийеге арнап қурған Үйиниң узын-
лығы алпыс шығанақ, ени жигир-
ма шығанақ, ал бийиклиги отыз
шығанақ еди. 3 Ибадатхана има-
ратының алдынғы жағындағы ай-
ўанның узынлығы Үй имаратының
ениндей, яғный жигирма шығанақ,
ал ени он шығанақ болды. 4 Сулай-
ман Үйге айна тәризли ойықлар ис-
летти. 5 Ибадатхананың сыртын,
яғный үлкен бөлмениң ҳәм ең төрги
бөлмениң дийўалларын айланды-
рып, үш қабатлы қосымша бөлме-
лер ислетти. 6 Ең төменги қабаттың
ени бес шығанақ, ортанғы қабат-
тың ени алты шығанақ, үшинши
қабаттың ени жети шығанақ еди.
Үйдиң дийўалларына ислеў бермеў
ушын, бөлмелер текшеге уқсатып
өрилген бөренелер арқалы Үйдиң
дийўалларына бириктирилди.
7 Үйдиң қурылысы ушын пайда-
ланылатуғын таслар кәнниң өзин-
де жонып таярланды. Үй қурылып
атырғанда, шөккиштиң де, балта-
ның да, басқа темир әсбабының
да сести еситилмеди. 8 Ортадағы
қосымша бөлмениң есиги Үйдиң
қубла тәрепинде еди. Айланба тек-
ше арқалы ортанғы қабатқа, он-
нан үшинши қабатқа өтетуғын еди.
9 Сулайман Үйди қурып тамамла-
ды. Төбесин кедр бөренелер ҳәм
кедр ағашынан исленген тахта-
лар менен бастырды. 10 Және де,
ол пүткил Үйди айландырып, ҳәр
бириниң бийиклиги бес шығанақ
болған қосымша бөлмелер салдыр-
ды. Олар Үй дийўалына кедр бөре-
нелер менен бекитилди.
11 Жаратқан Ийеден Сулайманға
мынадай сөз түсти:
12 – Мине, сен Үй қурып атырсаң.
Егер сен Мениң қағыйдаларымды,
нызам ҳәм буйрықларымды орын-
лап жүрсең, онда Мен әкең Даўытқа
берген сөзимди сен арқалы орын-
лайман. 13 Мен израиллылар ара-
сында жасап, халқым Израилды
ҳеш қашан тәрк етпеймен.
14 Солай етип, Сулайман Үй-
ди қурып питкерди. 15 Ол Үйдиң
ишки дийўалын еденнен төбеге
шекем кедр ағашынан исленген
тахталар менен қаплады, ал еде-
нине сәрўи ағашынан исленген
тахталар төсетти. 16 Үйдиң арқа
тәрепиниң ең төрин еденнен тө-
бесине дейин кедр тахталар менен
бөлдирип, узынлығы жигирма
шығанақ болған бир бөлме ажы-
раттырды. Ол жер Ең мухаддес
бөлме деп аталды. 17 Ең мухаддес
бөлмениң алдындағы үлкен бөл-
мениң узынлығы қырық шығанақ
еди. 18 Дийўалдағы таслар көрин-
беўи ушын Үйдиң ишин қаплап

турған кедр тахталарға асқабақ-
лар ҳәм асылып турған гүллер
ойып салынды.
19 Үйдиң ишиндеги ең төрги бөл-
ме Жаратқан Ийениң Келисим сан-
дығын қойыў ушын таярланды.
20 Бул бөлмениң узынлығы жи-
гирма шығанақ, ени жигирма шы-
ғанақ ҳәм бийиклиги де жигирма
шығанақ еди. Сулайман усы бөл-
мени де, кедр ағашынан исленген
түтетки түтетилетуғын орынды да
сап алтын менен қаплатты. 21 Су-
лайман Үйдиң ишин де сап алтын
менен қаплатып, алтын менен қап-
ланған төрги бөлмениң алдына ал-
тын менен қапланған шынжырлар
тарттырды. 22 Үйдиң иши бастан-
аяқ ҳәм ең төрги бөлмениң алдын-
дағы түтетки түтетилетуғын орын
алтын менен қапланды. 23 Ең төрги
бөлмеге қойыў ушын зәйтүн аға-
шынан исленген, ҳәр бириниң би-
йиклиги он шығанақ болған еки
керуб[a] исленди. 24 Ҳәр қанаты бес
шығанақ болған керубтың жайыл-
ған еки қанатының узынлығы он
шығанақ болды. 25 Екинши keруб-
тың да жайылған қанаты он шыға-
нақ болып, еки керубтың өлшеми
де, көриниси де бирдей еди. 26 Еки
керубтың да бийиклиги он шыға-
нақ еди. 27 Сулайман керубларды
Үйдиң Ең мухаддес бөлмесиниң
ортасына қойды. Керублардың жа-
йылған қанатларының бир ушы
бөлмениң дийўалларына тийип,
екинши ушлары бөлмениң орта-
сында бир-бирине тийисип турды.
28 Сулайман керубларды да алтын
менен қаплатты.
29 Үйдиң ишки ҳәм сыртқы бөл-
мелериниң ҳәмме дийўалларына
айландырып керублардың, пальма
ағашларының ҳәм ашылып турған
гүллердиң көринислерин ойып сал-
дырды. 30 Усы еки бөлмениң еден-
лерин де алтын менен қаплатты.
31 Ең төрги бөлмениң кирер аўзы-
на зәйтүн ағашынан жақлаўы бес
қырлы болған жарма қапы ислет-
ти. 32 Ол зәйтүн ағашынан ислен-
ген жарма қапыларға керублардың,
пальма ағашларының ҳәм ашы-
лып турған гүллердиң көринисин
ойып салдырып, қапыларды алтын
менен қаплатты. Керублар менен
пальма ағашларының сүўретлерин
де алтын менен қаплатты. 33 Үлкен
бөлмениң кирер аўзына да зәйтүн
ағашынан төрт мүйешли жақлаў
ислетип, 34 жақлаўға жыйнала-
туғын еки жарма қапыны сәрўи
ағашынан ислетти. 35 Буларға да ке-
рублардың, пальма ағашларының
ҳәм ашылып турған гүллердиң кө-
ринислерин ойып салдырып, олар-
ды алтын менен қаплатты.
36 Ол ишки ҳәўли қурдырып,
оның дийўалларын үш қатар жо-
нылған тастан ҳәм бир қатар кедр
ағашынан ислетти.
37 Сулайман өз патшалығының
төртинши жылының зиў айында
Жаратқан Ийениң Үйиниң тийка-
рын қойған еди. 38 Ал он биринши
жылдың сегизинши айы болған
бууўл айында Үй алдын ала белги-
ленгениндей етип, барлық майда-
шүйдесине шекем қурып болынды.
Сулайман Үйди жети жылда қу-
рып болды.

---

[a] **6:23** *Керуб* – қанатлы руўхый барлық.

### Сулайманның сарайы

7 1 Сулайман өзи ушын да сарай
қурдырып, оны он үш жылда
толық тамамлады. 2 Ол қурдырған
Лебанон тоғайы деп аталатуғын
имараттың узынлығы жүз шыға-
нақ, ени елиў шығанақ, бийиклиги
отыз шығанақ еди. Имарат төрт қа-
тар етип қойылған кедр өрелерден
ҳәм олардың үстине қойылған кедр
бөренелерден ибарат еди. 3 Өрелер-
диң үстине, ҳәр қатарға он бес бөре-
неден қойылған болып, усы қырық
бес бөренениң үстине кедр тахталар
төселген еди. 4 Имараттың еки тә-
репиндеги айналары үш қатардан
ибарат болып, олар бир-бирине қа-
рап турған еди. 5 Барлық қапылар
ҳәм олардың жақлаўлары төрт мү-
йешли еди. Айналар болса, үш қа-
тар етип, бир-бирине қарама-қарсы
қурылған еди.

6 Сулайман узынлығы елиў шы-
ғанақ, ени отыз шығанақ болған
өрели бир айўан ислетти. Айўан-
ның алдында өрелер қойылып, үс-
ти бастырылған шертек бар еди.
7 Және де, тахт туратуғын, яғный
ол жерде өзи отырып қазылық ете-
туғын Ҳүким шығарыў айўанын
қурдырды. Оны еденинен төбе-
сине шекем кедр тахталар менен
қаплатты. 8 Усы айўанның арқа тә-
репиндеги Сулайман жасайтуғын
сарай да усы тақылетте салынған
еди. Сулайман ҳаялы, фараонның
қызы ушын да анық усындай бир
сарай қурып берди.

9 Бул имаратлардың ҳәммеси
иши ҳәм сырты тийкарынан тө-
бесине дейин ҳәм сыртынан үл-
кен ҳәўлиге дейин жарғылар менен
кесилип, еки тәрепи де жонылған
ҳәм белгиленген өлшем бойынша
таярланған сапалы таслардан са-
лынған еди. 10 Тийкары он шыға-
нақ ҳәм сегиз шығанақ келетуғын
үлкен, сапалы таслардан қалан-
ды. 11 Дийўалы да өлшем бойынша
кесилген сапалы таслардан өри-
лип, дийўал ушын кедр ағашы да
пайдаланылды. 12 Үлкен ҳәўлиниң
айналасы жонылған тастан үш қа-
тар ҳәм кедр бөренеден бир қатар
етип, айландырып өрилген еди.
Жаратқан Ийениң Үйиниң ишки
ҳәўлисиниң ҳәм айўанының дий-
ўаллары да усылай исленген еди.

### Хирамның хызмети

13 Патша Сулайман хабар жибе-
рип, Тирден Хирамды алдырды.
14 Оның анасы Нафталий урыўынан
болған бир жесир ҳаял, ал әкеси
тирли мыскер еди. Хирам қола-
дан зат ислеў уқыбын, шеберли-
гин ҳәм қәбилетин ийелеген уста
еди. Ол патша Сулайманға келип,
оның барлық ислерин орынлады.

15 Хирам қоладан еки өре иследи.
Олардың ҳәр бириниң бийиклиги
он сегиз шығанақ, ал ҳәр бириниң
айнала өлшеми он еки шығанақ
келетуғын еди. 16 Және де, өрелер-
диң үстине қойыў ушын, қоладан
еки төбелик қуйып иследи. Олар-
дың ҳәр бириниң бийиклиги бес
шығанақ еди. 17 Өрениң төбелиги-
ниң ҳәр бири торға уқсатып өрил-
ген шынжырлар менен безелди.
18 Ол өрелердиң жоқарысындағы
төбеликлерди жаўып турыў ушын,
ҳәр бир торды еки қатар етип ай-
ландырып, қола анарлар менен
безеди. 19 Айўандағы өрелердиң

төбеликлери лала гүллерге уқса-
тып исленип, олардың ҳәр бири-
ниң бийиклиги төрт шығанақ еди.
20 Ҳәр бир өрениң төбесиндеги тор-
дың жанындағы кесеге уқсаған бө-
легиниң үстине айландырып, еки
жүзден анар салынған еди. 21 Хи-
рам бул өрелерди Ибадатхананың
айўанына орнатып, оның қублада-
ғысын Яхин[a], арқадағысын Боаз[b]
деп атады. 22 Өрелердиң төбелик-
лери лала гүл тақылетте еди. Солай
етип, өрелерге байланыслы ислер
тамам болды.

23 Хирам қоладан қуйма ҳәўиз
жасады. Ол домалақ болып, оның
бир ернегинен екинши ернегине
шекемги аралығы он шығанақ, те-
реңлиги бес шығанақ, айлана узын-
лығы отыз шығанақ еди. 24 Ҳәўиз
қуйылған ўақытта, оның ерне-
гиниң астына еки қатар етип ас-
қабаққа уқсаған нағыслар қосып
қуйылған болып, олар ҳәр бир шы-
ғанаққа он-оннан туўры келетуғын
еди. 25 Ҳәўиз он еки қуйма буғаның
үстине орнатылған болып, олар-
дың үшеўи арқаға, үшеўи батысқа,
үшеўи қублаға, үшеўи шығысқа қа-
рап турған еди. Буғалардың артқы
жағы ҳәўиздиң астында, иште еди.
26 Ҳәўиздиң қалыңлығы төрт ели
болып, ернеги кесениң ернегине,
ашылып турған лала гүлге уқсай-
туғын еди. Ҳәўизге еки мың бат[c]
суў сыятуғын еди.

27 Хирам қоладан он түбелдирик
иследи. Ҳәр бир түбелдириктиң
узынлығы төрт шығанақ, ени төрт
шығанақ, бийиклиги үш шығанақ
еди. 28 Түбелдириклердиң дүзили-
си мынадай еди: түбелдириклер
жақлаўларға бекитилген төрт мү-
йешли қола тахталардан исленди.
29 Тахталарға, сондай-ақ жақлаў-
ларға да арыслан, буға ҳәм керуб-
лардың сүўретлери салынды. Ал
арыслан ҳәм буғалардың сүўретле-
рениң асты менен үстине аспа гүл-
шеңберлери ойып исленди. 30 Ҳәр
бир түбелдириктиң қоладан ис-
ленген төрт дөңгелеги ҳәм оғы бар
еди. Түбелдириктиң төрт тәрепине
ләгенди услап турыў ушын қуйма
тирепбердилер исленип, олардың
ҳәр бир тәрепи гүлшеңберлер менен
безетилген еди. 31 Түбелдириктиң
үсти бетинде ләген қойыў ушын ар-
налған дөңгелек ойық бар болып,
ләген түбелдириктен жоқары қарай
бир шығанақ шығып турған еди.
Оның түбине дейинги тереңлиги
бир ярым шығанақ еди. Ойықтың
айнала дөгерегинде ойма нағыслар
бар еди. Бирақ түбелдириклер-
диң тахталары дөңгелек емес, төрт
мүйешли еди. 32 Түбелдириктиң
тахталарының асты бетинде төрт
дөңгелек бар болып, оның оғы тү-
белдирикке қатырылған еди. Ҳәр
бир дөңгелектиң бийиклиги бир
ярым шығанақ еди. 33 Дөңгелеклер
саўаш арбаларының дөңгелекле-
рине уқсайтуғын еди. Оның ҳәмме
нәрсеси: оқлары, тоғыны, кегейи
ҳәм гүпшеги қуйма еди. 34 Ҳәр бир
түбелдириктиң төрт мүйешинде
түбелдирикке қатырылған төрт

---

[a] **7:21** *Яхин* – «Ол беккемлейди» дегенди билдириўи мүмкин.
[b] **7:21** *Боаз* – «Онда қүдирет бар» дегенди билдириўи мүмкин.
[c] **7:26** *Еки мың бат* – бир бат шама менен 22 л.

тирепберди бар еди. 35 Түбелдирик-
тиң үстинде ярым шығанақ бийик-
ликте бир домалақ ҳалқа бар еди.
Түбелдириктиң тирепбердилери
менен тахталары түбелдирикке би-
риктирип исленген еди. 36 Хирам
тирепбердилер менен тахталарға
сыйғанынша керублардың, арыс-
ланлардың, пальма ағашларының
сүўретлерин, ал айналасына гүл-
шеңберлерди ойып салды. 37 Усы-
лайынша, ол он түбелдирик иследи.
Олардың ҳәммесиниң қуйылыўы
да, өлшеми де, көриниси де бирдей
болды. 38 Хирам он түбелдириктиң
үстине қойыў ушын қоладан он лә-
ген иследи. Ҳәр бир ләгенниң ени
төрт шығанақ болып, оның ҳәр би-
рине қырық бат суў кететуғын еди.
39 Түбелдириктиң бесеўин Үйдиң
қубла тәрепине, бесеўин арқа тә-
репине қойды. Ал ҳәўизди болса,
Үйдиң оң тәрепине, яғный қубла-
шығысына қойды. 40 Буннан соң,
Хирам күл салынатуғын ыдыслар,
күл алатуғын белшелер ҳәм қан се-
бетуғын табақлар соқты.

Солай етип, Хирам патша Су-
лайманның тапсырмасы бойынша
Жаратқан Ийениң Үйи ушын ислеп
атырған мына ислерин тамамлады:
41 еки өре, өрелердиң төбесине қо-
йылатуғын еки төбелик, өрелер-
диң төбелерин орап турған еки тор,
42 өрениң төбелигин жаўып турыў
ушын арналған ҳәр бир тордағы
еки қатар анар, яғный еки торда-
ғы төрт жүз анар, 43 он түбелдирик
ҳәм түбелдирик үстине он ләген,
44 ҳәўиз ҳәм ҳәўиздиң астындағы
он еки буға, 45 күл салынатуғын
ыдыслар, күл алатуғын белшелер
ҳәм қан себетуғын табақлар.

Хирамның патша Сулайманға
Жаратқан Ийениң Үйи ушын ис-
леп берген ҳәмме нәрсеси жылтыра-
тылған қоладан исленди. 46 Патша
буларды Иордан тегислигинде,
Суккот пенен Саретан арасында-
ғы саз ылайлы жерлерде қуйдырды.
47 Буйымлар соншелли көп болған-
лықтан, Сулайман олар ушын кет-
кен қоланың өлшемин анықламады.

48 Сулайман Жаратқан Ийениң
Үйи ушын төмендеги затларды: ал-
тыннан исленген түтетки түтетиле-
туғын орынды, усынылған нанлар
туратуғын столды, 49 ең төрги бөл-
меге кирер аўызда, оң тәрепте тура-
туғын бес шыра қойғыш пенен шеп
тәрепте туратуғын бес шыра қой-
ғышты, гүллерди, шыраларды ҳәм
пилик тазалайтуғын қысқышлар-
ды, 50 қырмаларды, пилик кескиш-
лерди, қан себетуғын табақларды,
түтетки салатуғын тостағанларды
ҳәм шоқ салынатуғын ыдысларды,
Ибадатхананың ең төрги бөлмеси-
ниң, яғный Ең мухаддес бөлмениң
ҳәм үлкен бөлмениң қапыларының
топсаларын алтыннан ислетти.

51 Патша Сулайман Жаратқан
Ийениң Үйине тийисли болған ис-
лерди тамамлағаннан соң, әкеси
Даўыттың атаған гүмис, алтын ҳәм
басқа затларын әкелип, Үйдиң қаз-
насына қойды.

### Келисим сандығының алып келиниўи

8 1 Патша Сулайман Жаратқан
Ийениң Келисим сандығын
Даўыттың қаласы болған Сионнан
алып келиў ушын Израилдың ақса-
қалларын, Израил халқының барлық
урыў ҳәм әўлад басшыларын Еруса-

лимге шақырды. 2 Ҳәмме жетинши
ай болған этаним айындағы байрам
ўақтында Сулайман патшаның ал-
дына жыйналды. 3 Израил ақсақал-
ларының ҳәммеси жыйналғанда,
руўханийлер Келисим сандығын
жерден көтерип алды. 4 Руўханийлер
менен лебийлилер Жаратқан Ийе-
ниң Келисим сандығын, Ушырасыў
шатырын ҳәм шатырдағы ҳәмме му-
хаддес буйымларды тасыды. 5 Пат-
ша Сулайман ҳәм оның жанындағы
пүткил Израил жәмийети Келисим
сандығының алдында, сан-санақсыз
қой ҳәм буғаларды қурбанлыққа
шалды. 6 Руўханийлер Жаратқан
Ийениң Келисим сандығын Үйдиң
ең төрине, Ең мухаддес бөлмеге кир-
гизип, керублардың қанатларының
астындағы өз орнына қойды. 7 Ке-
рублардың қанатлары сандықтың
үсти бойлап созылып, сандықты да,
оның сырықларын да жаўып турды.
8 Сырықлар жүдә узын болғанлық-
тан, олардың ушлары төрги бөлме-
ниң алдындағы Мухаддес бөлмеден
көринип туратуғын еди. Бирақ олар
сырттан көринбейтуғын еди. Олар
ҳәзир де сол жерде тур. 9 Сандықтың
ишинде Муўсаның Хореб таўында
қойған еки тас тахтасынан басқа
ҳеш нәрсе жоқ еди. Булар Мысыр
жеринен шыққанда Жаратқан Ийе-
ниң израиллылар менен дүзген ке-
лисими жазылған тас тахталар еди.

10 Руўханийлер Мухаддес бөлме-
ден шыққанда, бир булт Жаратқан
Ийениң Үйин толтырды. 11 Бул
булт себепли руўханийлер хыз-
метин даўам еттире алмады. Се-
беби Жаратқан Ийениң салтанаты
Үйди толтырып турған еди. 12 Сон-
да Сулайман былай деди:

– Жаратқан Ийе! Сен: «Қойыў
бултлар ишинде мәкан қурыў-
ды қәлеймен», – деп айтқан едиң.
13 Мен Сен ушын салтанатлы бир
Үй, мәңгиге жасайтуғын бир қо-
ныс қурдым.

### Сулайманның халыққа айтқан сөзлери

14 Патша бурылып, тик аяқта тур-
ған пүткил Израил жәмийетине
пәтия берди. 15 Соңынан патша
былай деди:

– Әкем Даўытқа Өз аўзы менен
айтқан сөзлерин Өз қоллары ме-
нен орынлаған Израилдың Қудайы
Жаратқан Ийеге алғыслар болсын!
Ол былай деген еди: 16 «Халқым
Израилды Мысырдан алып шық-
қан күннен бери Өзимниң атыма
арнап бир Үй қурыў ушын, Израил
урыўларына тийисли қалалардың
ҳеш бирин таңламадым. Ал халқым
Израилды басқарыў ушын Даўыт-
ты таңладым». 17 Әкем Даўыттың
жүрегинде Израилдың Қудайы
Жаратқан Ийениң атына арнап
Үй қурыў қәлеўи бар еди. 18 Бирақ
Жаратқан Ийе әкем Даўытқа: «Ме-
ниң атыма арнап Үй қурыўды нийет
етипсең. Бул жақсы нийет. 19 Де-
ген менен, Мениң атыма арнап бул
Үйди сен емес, ал сениң бел балаң
қурады», – деди. 20 Жаратқан Ийе
берген сөзин орынлады. Жаратқан
Ийениң айтқанындай, әкем Да-
ўыттан соң Израил тахтына мен
отырдым ҳәм Израилдың Қудайы
Жаратқан Ийениң атына арнап Үй
қурдым. 21 Усы Үйдиң ишинде мен
Жаратқан Ийениң Келисим санды-
ғын қоятуғын бир орын таярладым.
Ата-бабаларымызды Мысырдан

алып шыққанда, Жаратқан Ийе-
ниң олар менен дүзген келисими
усы сандықтың ишинде тур.

### Сулайманның дуўасы

22 Сулайман Жаратқан Ийеге
арналған қурбанлық орынның
алдында, пүткил Израил жәми-
йетиниң қарсысында турып, қол-
ларын көклерге жайып былай деди:
23 – Жаратқан Ийе, Израилдың
Қудайы! Көкте де, жерде де Са-
ған тең келетуғын қудай жоқ. Сен
Өзиңе шын жүректен бойсынып
жүрген қулларың менен дүзген
келисимиңе садық қалып, олар-
ға мийримиңди көрсетесең. 24 Сен
Өз қулыңа, әкем Даўытқа Өз аўзың
менен айтқан сөзлериңди бүгин
Өз қолларың менен иске асырдың.
25 Жаратқан Ийе, Израилдың
Қудайы! Енди әкем Даўытқа бер-
ген мына сөзиңниң де орынла-
ныўын қәлеймен. Сен оған: «Егер
урпақларың да саған уқсап, Мениң
алдымда өз жолларынан адаспай
жүрсе, сениң урпағыңнан Изра-
ил тахтында отыратуғын ер адам-
ның изи үзилмейди», – деген едиң.
26 Израилдың Қудайы, енди Өз қу-
лың, әкем Даўытқа берген сөзиңди
орынлай гөр!
27 Ырасында да, Қудай жер бетин-
де жасар ма еди? Сен көклерге, көк-
лердиң көклерине де сыймайсаң.
Оның алдында мен қурған мына
Үй не болыпты?! 28 Солай болса да,
Қудайым Жаратқан Ийе, қулың-
ның дуўаларын ҳәм өтинишлерин
еситип, бүгин оның жалбарыныў-
ларына ҳәм дуўасына қулақ сал.
29 Көзлериң күни-түни: «Мениң
атым сол жерде болады», – деп
Өзиң айтқан Үйде болсын ҳәм қу-
лыңның сол жерге қарап еткен ду-
ўасын есит. 30 Усы жерге қарап дуўа
еткенинде, қулыңның ҳәм халқың
Израилдың жалбарыныўларын
есите гөр. Көклердеги Өз мәканың-
нан оларға қулақ тутып, оларды
кешире гөр.
31 Егер биреў өз жақынына қар-
сы гүна ислеўде айыпланса ҳәм
оннан ант ишиў талап етилсе, ол
келип, усы Үйдеги Сениң қур-
банлық орның алдында ант ишсе,
32 Сен оларға көклерден қулақ са-
лып, қулларыңды Өзиң ҳүким ете
гөр. Жазықлыны исине сай жаза-
лап, жазықсызды әдиллигине сай
ақлай гөр.
33 Егер халқың Израил Сениң ал-
дыңда гүна ислегени ушын душ-
панларынан жеңилсе ҳәм қайтадан
Саған жүз бурып, атыңды тән ал-
са ҳәм усы Үйде дуўа етип, Саған
жалбарынса, 34 онда Сен оларға
көклерден қулақ салып, Өз халқың
Израилдың гүналарын кешире гөр
ҳәм оларды ата-бабаларына Өзиң
берген жерге қайтара гөр.
35 Олар Саған қарсы гүна ислеге-
ни ушын аспан жабылып, жаўын
жаўмағанда, олар усы жерге қарап
дуўа етсе, атыңды тән алса ҳәм Сен
оларды жазалағаныңда, гүналары-
нан жүз бурса, 36 онда Сен оларға
көклерден қулақ салып, қулларың-
ның ҳәм халқың Израилдың гүна-
ларын кешире гөр, оларға жүриўи
тийис болған туўры жолды көрсет
ҳәм халқыңа мүлик етип берген же-
риңе жаўын жаўдыра гөр.
37 Егер елде ашлық болса, ил-
лет пайда болса, егинлер қуўра-
са, кеселленсе, шегиртке ҳәм қурт

қапласа, душпанлар келип, өз қа-
лаларының биринде қамал қылса,
қандай да бир апатшылық басына
түссе ямаса иллет тарқаса, 38 сон-
да бир адам ямаса пүткил халқың
Израил дууа етип, жалбарынса, ҳәр
бир адам өзиниң басына түскен
апатшылықты сезип, усы Үйге қа-
рай қолларын жайса, 39 Сен көклер-
деги Өз мәканыңнан оларға қулақ
сала гөр ҳәм оларды кеширип, исле-
ген ислерине қарай жууап бере гөр.
Себеби адам баласының жүрегин-
де не барын тек Сен ғана билесең.
40 Олар Өзиң ата-бабаларымызға
берген бул жерде өмир бойы Сен-
нен қорқып жасасын.

41 Егер халқың Израилдан бол-
маған жат жерли адам Сениң атың
себепли узақ елден келсе, 42 Сениң
уллы атың, қудиретли қолың ҳәм
Өз халқыңа қол созғаның ҳаққын-
да еситип, усы Үйге келип дууа ет-
се, 43 көклердеги Өз мәканыңнан
оған қулақ салып, сорағанларын
бере гөр. Солай етип, дүньядағы
барлық халықлар халқың Изра-
ил сыяқлы Сениң атыңды билип,
Сеннен қорқсын ҳәм мен қурдыр-
ған усы Үйдиң Саған сыйынатуғын
орын екенин билсин.

44 Егер халқың Сен жиберген жол
бойынша душпанларына қарсы са-
уашқа шықса ҳәм Сен таңлап ал-
ған қала менен Сениң атыңа арнап
мен қурған усы Үйге қарап Саған,
яғный Жаратқан Ийеге дууа етсе,
45 көклерден олардың дууаларына
ҳәм жалбарыныуларына қулақ са-
ла гөр ҳәм оларға жәрдем бере гөр.

46 Егер олар Саған қарсы гүна ис-
лесе, себеби гүна ислемеген бир-
де бир адам жоқ, Сен ғәзепленип,
оларды душпанға тәслим етсең ҳәм
душпан оларды тутқын етип, өзи-
ниң жақын ямаса узақ бир елине
алып кетсе, 47 олар да тутқын бол-
ған елде жүрип, есин жыйып ал-
ғаннан кейин тәубеге келип: «Гүна
иследик, нызамсызлық қылдық,
айыпдармыз», – деп жалбарын-
са, 48 олар өзлерин тутқын қылған
душпан елинде жүрип, шын жү-
ректен ҳәм жан-тәни менен Саған
жүз бурса, өзлериниң ата-бабала-
рына берген жерине, Сен таңлап
алған қалаға ҳәм Сениң атыңа ар-
нап мен қурған Үйге қарап дууа ет-
се, 49 көклердеги Өз мәканыңнан
олардың дууа ҳәм жалбарыныу-
ларына қулақ сала гөр ҳәм оларды
қутқара гөр. 50 Сениң көз алдыңда
гүна ислеген халқыңды, олардың
Саған қарсы ислеген барлық гү-
наларын кешире гөр. Оларды тут-
қын еткенлердиң оларға реҳимли
болыуы ушын, оларды тутқын ет-
кенлерге инсап бере гөр. 51 Себеби
олар Мысырдан, темир ошақ иши-
нен Өзиң алып шыққан Өз халқың
ҳәм Өз мийрасың.

52 Көзлериң мениң ҳәм халқың
Израилдың жалбарыныуларында
болсын. Саған жалбарынғанда бәр-
қулла оларды еситип, жууап бере
гөр. 53 Себеби, Қудай Ийе! Сен ата-
бабаларымызды Мысырдан алып
шыққаныңда қулың Муусаға айт-
қаныңдай, пүткил дүнья халықла-
ры арасынан оларды Өзиңе мийрас
етип ажыратып алдың.

54 Сулайман Жаратқан Ийеге
дууа етиуин ҳәм жалбарыныула-
рын тамамлағаннан соң, Жаратқан
Ийениң қурбанлық орны жаны-
нан, қолларын көклерге жайыуы

менен диз шөккен жерден турды.
55 Ол тик турып, қатты даўыс пе-
нен пүткил Израил жәмийетине
былай деп пәтия берди:
56 – Өз сөзинде турып, хал-
қы Израилға тынышлық берген
Жаратқан Ийеге алғыслар бол-
сын! Оның қулы Муўса арқалы
айтқан ийгиликли сөзлериниң
ҳеш бири орынланбай қалмады.
57 Қудайымыз Жаратқан Ийе ата-
бабаларымыз бенен бирге болға-
ны сыяқлы, бизлер менен де бирге
болсын, бизлерди тәрк етпесин ҳәм
таслап кетпесин. 58 Өзиниң жол-
ларынан жүриўимиз, ата-бабала-
рымызға берген буйрықларына,
қағыйдаларына ҳәм нызамлары-
на бойсынып жасаўымыз ушын,
бизлердиң жүреклеримизди Өзи-
не қаратсын. 59 Аўа, Жаратқан Ийе
алдында жалбарынып айтқан бул
сөзлерим күни-түни Қудайымыз
Жаратқан Ийениң ядында болып,
бул қулының ҳәм халқы Израил-
дың күнделикли мүтәжликлерин
берип турсын. 60 Солай етип, бар-
лық халықлар Жаратқан Ийениң
Қудай екенин ҳәм Оннан басқа
қудай жоқ екенин билип қойсын.
61 Бүгингидей, Оның қағыйдала-
ры бойынша жасаў ҳәм буйрықла-
рын орынлаў ушын, жүрегиңизди
Қудайымыз Жаратқан Ийеге то-
лық бағышлаңлар.

### Үйдиң бағышланыўы

62 Соңынан патша ҳәм пүткил
Израил халқы Жаратқан Ийеге
арнап қурбанлық шалды. 63 Сулай-
ман жигирма еки мың бас буға ҳәм
бир жүз жигирма мың бас қойды
Жаратқан Ийеге арнап, татыўлық
қурбанлығы ушын шалды. Солай
етип, патша ҳәм пүткил Израил
халқы Жаратқан Ийениң Үйин
бағышлады. 64 Усы күни патша
Жаратқан Ийениң Үйиниң алдын-
дағы ҳәўлиниң ортаңғы бөлегин де
мухаддес қылып айырып, жанды-
рылатуғын қурбанлықларды, ғәлле
садақаларын ҳәм татыўлық қурбан-
лықларының майларын сол жерде
берди. Өйткени Жаратқан Ийе-
ниң алдындағы қоладан исленген
қурбанлық орынға жағылатуғын
қурбанлықлар, ғәлле садақалары
ҳәм татыўлық қурбанлықларының
майлары сыймай кетти.
65 Сонда Сулайман ҳәм үлкен жә-
мийет – Лебо-Хаматтан Мысыр
шегарасындағы сайға дейинги жер-
лерден келген пүткил Израил хал-
қы Қудайымыз Жаратқан Ийениң
алдында еки ҳәпте, улыўма он төрт
күн байрамлады. 66 Жети күнлик
байрам тамам болғаннан кейин, се-
гизинши күни Сулайман халыққа
рухсат берди. Олар да патшаға пә-
тия берип, Жаратқан Ийениң қу-
лы Даўытқа ҳәм халқы Израилға
ислеген жақсылықлары ушын кеў-
ли толып, қуўаныш пенен үйлери-
не қайтты.

### Жаратқан Ийениң Сулайманға және көриниўи

9 1 Сулайман Жаратқан Ийениң
Үйин ҳәм өзиниң сарайын са-
лып, нийетлеген исиниң ҳәммесин
тамамлағаннан соң, 2 Гибонда кө-
рингени сыяқлы, Жаратқан Ийе
оған және көринди. 3 Ол Сулайманға
былай деди:
– Мен сениң дуўаларыңды ҳәм
жалбарыныўларыңды еситтим.

Атымның мәңгиге сол жерде бо-
лыўы ушын, сен Маған арнап қур-
ған мына Үйди мухаддес қылдым.
Мениң көзлерим ҳәм жүрегим бәр-
қулла сол жерде болады.
4 Саған келсек, әкең Даўыт сыяқ-
лы Мениң алдымда ҳадал жүрек
ҳәм әдиллик пенен жүрсең, барлық
буйрықларымды орынлап, қағыйда
ҳәм нызамларыма бойсынып жа-
сасаң, 5 онда: «Израил тахтынан
сениң урпағыңның изи үзилмей-
ди» – деп әкең Даўытқа берген сө-
зимде турып, Израил ели үстинен
сениң патшалығыңды мәңгиге ту-
ратуғын қыламан.
6 Бирақ егер сен ҳәм сениң ур-
пақларың Меннен жүз бурып,
сизлерге берген буйрық ҳәм қа-
ғыйдаларыма бойсынбай, кетип
қалсаңыз ҳәм басқа қудайларға
хызмет етип, оларға табынсаңыз,
7 онда Мен Израилды Өзим бер-
ген жерден шығарып таслайман
ҳәм Өз атым ушын мухаддес қыл-
ған мына Үйди тәрк етемен. Сонда
Израил пүткил халықлар арасында
әпсанаға айланып, масқара болады.
8 Ал мына көркем Үй қарабақанаға
айланады. Сонда оның жанынан
өтип баратырған ҳәр бир адамның
жүреги суўлап, жаны түршигип:
«Жаратқан Ийе бул елди ҳәм мы-
на Үйди не ушын бул аўҳалға салды
екен?» – деп сорайтуғын болады.
9 Кейин олар: «Израил халқы ата-
бабаларын Мысырдан алып шық-
қан Қудайы Жаратқан Ийени тәрк
етип, басқа қудайларға жабысып
алды ҳәм оларға табынып, хызмет
етти. Сонлықтан Жаратқан Ийе
оларды усы апатшылыққа дуўшар
етти», – дейди.

### Сулайманның питим дүзиўи

10 Сулайман еки имаратты:
Жаратқан Ийениң Үйи менен
өзиниң сарайын жигирма жылда
питкерди. 11 Бул ислер ушын Тир
патшасы Хирам Сулайманға кере-
гинше кедр менен сәрўи ағашларын
ҳәм алтын жеткерип берди. Сол
себепли Сулайман Хирамға Гали-
ла үлкесиндеги жигирма қаланы
берди. 12 Бирақ Хирам Тирден ке-
лип, Сулайманның өзине берген
қалаларын көргенде, бул қалалар
оған унамады. 13 Сонда Хирам Су-
лайманға:
– Туўысқаным, маған берген қа-
лаларың қандай қалалар өзи? – де-
ди ҳәм бул жерди Кабул[a] деп атады.
Олар ҳәзир де солай аталады. 14 Хи-
рам Сулайман патшаға бир жүз жи-
гирма талант[b] алтын жиберген еди.
15 Патша Сулайман Жаратқан
Ийениң Үйин, өзиниң сарайын,
Миллоны, Ерусалимниң дийўал-
ларын, Хасор, Мегиддо ҳәм Гезер
қалаларын қурдырыў ушын мәрди-
карға адам жыйнаған еди. 16 Гезер
қаласын Мысыр патшасы фараон
қолға алып, өртеп жиберген еди. Ал
сол жерде жасап атырған қананлы-
ларды болса, қырып таслап, қала-
ны Сулайманға ҳаяллыққа берген
қызына еншиге берген еди. 17 Сол
себепли Сулайман Гезер қаласын
қайта қурған еди. Ол және төмен-
ги Бейт-Хоронды, 18 Баалатты ҳәм

---

a **9:13** *Кабул* – «жарамсыз» дегенди билдиреди.
b **9:14** *Бир жүз жигирма талант* – бир талант шама менен 34 кг.

Яҳуда жериндеги шөлдеги Тамар-
ды*, 19 өзине тийисли пүткил те-
леклери бар қалаларды, саўаш
арбалары менен атлары туратуғын
қалаларды қайта қурып, беккем-
леди. Буннан тысқары, Сулайман
Ерусалимде, Лебанон таўларында
ҳәм қол астындағы ҳәмме қала-
ларда қәлеген нәрселерин қурды.

20 Үлкеде Израил халқынан бол-
маған халықлар: амор, хет, periz,
хиў ҳәм ебус халықлары қалып кет-
кен еди. 21 Израил халқы оларды
толық жоқ қыла алмаған еди. Су-
лайман бул халықлардың урпақ-
ларын мәрдикарға алып, қул етти.
Бул ҳәзир де даўам етпекте. 22 Би-
рақ Сулайман Израил халқының
биреўин де қара жумысқа салмады.
Оларды әскер, хызметкер, басшы,
әскербасы, арбалы әскерлердиң
басшысы етип қойды. 23 Сулайман
жүргизип атырған ислердиң басын-
да жумыс ислеп атырған халықты
басқарып турған бес жүз елиў қа-
дағалаўшы басшы бар еди.

24 Фараонның қызы Даўыттың
қаласынан Сулайманның өзи ушын
қурдырған сарайына көшип өт-
кеннен соң, Сулайман Миллоны
салдырды.

25 Сулайман Жаратқан Ийе ушын
арнап қурдырған қурбанлық орын-
да жылына үш рет жандырылату-
ғын қурбанлықлар ҳәм татыўлық
қурбанлықларын беретуғын ҳәм
соның менен бирге Жаратқан Ийе-
ниң алдында түтетки түтететуғын
еди. Солай етип, ол Үйдиң қуры-
лысын тамамлады.

26 Патша Сулайман Эдом же-
ринде, Қызыл теңиз жағасында
жайласқан Элат жанындағы Эсион-
Геберде кемелер соқтырды. 27 Хи-
рам теңизди жақсы билетуғын
кемешилерин Сулайманның адам-
лары менен бирге кемеде Офирге
жиберди. 28 Олар Офирге барып,
патша Сулайманға төрт жүз жи-
гирма талант алтын әкелип берди.

### Шеба ҳаял патшасының Сулайманға келиўи

**10** 1 Шеба[a] ҳаял патшасы
Жаратқан Ийениң аты се-
бепли Сулайманның арттырған
даңқы туўралы еситип, оны жум-
бақлар менен сынаў ушын келди.
2 Ол хош ийисли затлар, көп муғ-
дарда алтын ҳәм қымбатбаҳа тас-
лар жүкленген үлкен бир кәрўанды
баслап, бир қанша адамлары менен
Ерусалимге келди ҳәм кеўлинде
бар болған ҳәмме нәрсесин Сулай-
ман менен бөлисти. 3 Сулайман ҳа-
ял патшаның ҳәмме сораўларына
жуўап берди. Сораўларда патша
түсиндире алмастай ҳеш нәрсе жоқ
еди. 4 Шеба ҳаял патшасы Сулай-
манның даналығын, ол қурдырған
сарайды көрди. 5 Ол және патша-
ның дастурханындағы тағамларын,
ўәзирлериниң отырыс-турысын,
хызметшилериниң хызметин ҳәм
олардың кийимлерин, шарап қу-
йыўшыларын ҳәм оның Жаратқан
Ийениң Үйинде берген жандыры-
латуғын қурбанлықларын көрген-
де, артық өзин услап тура алмады.

6 Ол патшаға былай деди:

---

a **10:1** *Шеба* – Арабияның қубла тәрепинде жайласқан ел.

– Сизиң ислериңиз ҳәм даналы-
ғыңыз ҳаққында өз елимде есит-
кенлерим ырас екен. [7] Бирақ мен
келип, өз көзлерим менен көрме-
генше сол сөзлерге инанбаған едим.
Маған булардың ярымын да айт-
паған екен. Сизиң даналығыңыз
ҳәм байлығыңыз еситкенимнен де
артық екен. [8] Сизиң адамларыңыз
ҳәм хызметшилериңиз қаншелли
бахытлы! Олар бәрқулла алдыңыз-
да турып, даналығыңызды тың-
лай алады. [9] Сизге кеўли толып,
сизди Израил тахтына отырғыз-
ған Қудайыңыз Жаратқан Ийеге
алғыслар болсын! Жаратқан Ийе
мәңгиге Израилды сүйгенлиги се-
бепли, әдалатты ҳәм туўрылықты
жүзеге асырыўыңыз ушын сизди
патша етип қойды.

[10] Шеба ҳаял патшасы патшаға
бир жүз жигирма талант алтын,
жүдә көп муғдарда хош ийисли зат-
лар ҳәм қымбатбаҳа таслар саўға
етти. Шеба ҳаял патшасының пат-
ша Сулайманға саўға еткениндей
дәрежеде көп хош ийисли затлар
буннан кейин ҳеш қашан алып ке-
линген емес.

[11] Хирамның Офирден алтын алып
келген кемелери де сол жерден жү-
дә көп муғдарда сапалы арша ағаш-
ларын ҳәм қымбатбаҳа таслар алып
келди. [12] Патша сапалы арша ағаш-
ларынан Жаратқан Ийениң Үйи ҳәм
өзиниң сарайы ушын тирепберди-
лер, қосықшылар ушын лира[a] ҳәм
арфа саз әсбапларын ислетти. Бү-
гинге дейин ондай дәрежеде көп
сапалы арша ағашы әкелинбеген
де, буны ҳеш ким көрмеген де еди.

[13] Сулайман Шеба ҳаял патша-
сына кеўлинен шыққан бир қанша
саўғаларын берди. Буннан тысқа-
ры, ол ҳаял патшаға сораған ҳәм
қәлеген нәрселериниң ҳәммесин
берди. Буннан кейин, ҳаял патша
адамлары менен бирге өз елине
қайтып кетти.

### Сулайман патшаның байлығы

[14] Ҳәр жылы Сулайманға келип
туратуғын алтынның муғдары
алты жүз алпыс алты талант еди.
[15] Усақлап сатыўшылардан, саўда-
герлердиң саўдасынан ҳәм Араб-
станның барлық патшалары менен
Израил үлкелериниң ҳәкимлери-
нен келип түсетуғын алтынлар бу-
ған кирмейтуғын еди.

[16] Патша Сулайман еки жүз үл-
кен қалқан ислетип, оларды алтын
менен қаплатты. Ҳәр бир қалқанға
алты жүз шекел[b] алтын жумсал-
ды. [17] Және алтыннан ҳәр бири үш
мина[c] келетуғын үш жүз кишкене
қалқан ислетти. Патша бул қалқан-
ларды Лебанон тоғайы деп атала-
туғын имаратқа қойды.

[18] Ол және пилдиң сүйегинен
үлкен тахт ислетип, оны сап ал-
тын менен қаплатты. [19] Тахттың
алты басқалдағы бар еди. Тахт-
тың сүйенгишиниң бас бети до-
малақ болып, отырғышының еки
тәрепинде шығанақ қойғышы ҳәм
оның жанында еки арысланның
мүсини тур еди. [20] Тахттың алты

---

[a] **10:12** *Лира* – бармақ пенен шертилетуғын тарлы саз әсбабы.
[b] **10:16** *Алты жүз шекел* – бир шекел шама менен 11 гр.
[c] **10:17** *Үш мина* – бир мина шама менен 550 гр.

басқалдағының ҳәр бириниң еки
тәрепинде бир-бирден он еки арыс-
ланның мүсини тур еди. Ҳеш бир
патшалықта бундай нәрсе жоқ еди.
21 Патша Сулайманның ишимлик
ишетуғын ыдыслары алтыннан ис-
ленди. Лебанон тоғайы деп атала-
туғын имараттағы ҳәмме ыдыслар
да алтыннан исленген болып, ҳеш
гүмис қолланылмаған еди. Себе-
би Сулайманның ўақтында гүмис
қәдирсиз болып қалған еди. 22 Те-
ңизде Хирамның кемелериниң жа-
нында Сулайманның да үлкен саўда
кемелери бар еди. Бул кемелер үш
жылда бир рет алтын, гүмис, пил
сүйеги, маймыллар ҳәм таўыс қус-
ларын алып келетуғын еди.

23 Патша Сулайман байлықта ҳәм
даналықта дүньяның барлық пат-
шаларынан үстин болды. 24 Қудай-
дың Сулайманға берген даналығын
тыңлаў ушын, пүткил дүнья оны
көриўге қуштар еди. 25 Оны кө-
риўге келгенлердиң ҳәр бири ҳәр
жылы саўға ушын гүмис ҳәм алтын
ыдыслар, кийимлер, қурал-жарақ-
лар, хош ийисли затлар, ат ҳәм ға-
шырлар алып келип турды.

26 Сулайман саўаш арбалары ме-
нен атларды жыйнады. Оның бир
мың төрт жүз саўаш арбасы ҳәм
он еки мың аты бар еди. Олардың
бир бөлегин саўаш арбалары ушын
ажыратылған қалаларға, бир бөле-
гин өзиниң жанына, Ерусалимге
жайластырды. 27 Патша Ерусалим-
де гүмисти әпиўайы тасларға тең
қылып қойды. Ал кедр ағашы жү-
дә көп болғанлықтан, батыстағы
таў етеклеринде өсетуғын жабайы
әнжир ағашына тең болып қалды.
28 Сулайманның атлары Мысыр ме-
нен Қуўеден алып келинди. Патша-
ның саўдагерлери атларды Қуўеден
сатып алатуғын еди. 29 Мысырдан
ҳәр бир саўаш арбасы алты жүз
шекел гүмиске, ал ҳәр бир ат бир
жүз елиў шекел гүмиске сатып әке-
линип, олар патша саўдагерлери
арқалы пүткил Хет ҳәм Арам пат-
шаларына сатылатуғын еди.

### Сулайманның Қудайдан узақласыўы

**11** 1 Сулайман фараонның қы-
зынан басқа моаб, аммон,
эдом, хет халықларынан ҳәм си-
донлылардан болған шет елли ҳа-
ялларды сүйди. 2 Жаратқан Ийе
Израил халқына усы халықлар
туўралы: «Сизлердиң жүрегиңиз-
ди өзлериниң қудайларына аў-
дырмаўы ушын, олардан қыз алып,
қыз бериспеўиңиз керек», – деген
еди. Деген менен, Сулайман бул
ҳаялларға сүйиспеншилик пенен
байланды. 3 Сулайманның патша
қызларынан болған жети жүз ҳа-
ялы ҳәм үш жүз тоқалы бар еди.
Ҳаяллары Сулайманды жолдан
шығарды. 4 Қартайған шағында,
олар Сулайманның жүрегин бас-
қа қудайларға аўдырды. Сулайман
жүрегин толығы менен Қудайы
Жаратқан Ийеге бағышлаған әке-
си Даўытқа уқсамады. 5 Ол сидон-
лылардың ҳаял қудайы Аштартаға
ҳәм аммонлардың жеркенишли
буты Милкомға[a] ере баслады. 6 Со-
лай етип, Сулайман Жаратқан
Ийениң нәзеринде жаўыз болған

---

[a] **11:5** *Милком* – 7-аяттағы Молох болыўы мүмкин.

ислерди иследи. Ол әкеси Даўыт-
қа уқсамады ҳәм өзин Жаратқан
Ийеге толық бағышламады. 7 Су-
лайман Ерусалимниң шығысын-
дағы бир төбеге моаб халқының
жеркенишли қудайы Кемошқа ҳәм
аммон халқының жеркенишли
қудайы Молохқа арнап сыйыныў
орнын қурды. 8 Ол өз қудайларына
арнап түтетки түтетип, қурбанлық-
лар беретуғын шет елли ҳаялლары-
ның ҳәммеси ушын усылай иследи.

9 Жаратқан Ийениң Сулайман-
ға ғәзеби келди. Себеби ол Изра-
илдың Қудайы Жаратқан Ийеден
жүз бурған еди.

Бурын Жаратқан Ийе Сулай-
манға еки рет көринип: 10 «Басқа
қудайлардың изине ерме», – деп
буйырған еди. Бирақ Сулайман
Жаратқан Ийениң буйрығына бой-
сынбады. 11 Сонда Жаратқан Ийе
Сулайманға былай деди:

– Усылай етип, сен Мениң өзиң
менен дүзген келисимиме ҳәм Мен
буйырған қағыйдаларыма бойсын-
бағаның ушын, патшалықты сен-
нен тартып алып, қулларыңның
бирине беремен. 12 Бирақ әкең Да-
ўыттың ҳүрмети ушын, Мен буны
сениң дәўиринде ислемеймен. Ал
улыңның қолынан патшалықты
тартып аламан. 13 Бирақ улыңның
қолынан пүткил патшалықты тар-
тып алмайман. Қулым Даўыттың
ҳәм Өзим таңлап алған қалам Еру-
салимниң ҳүрмети ушын, улыңа
бир урыўды қалдыраман.

### Сулайманның душпанлары

14 Солай етип, Жаратқан Ийе
Эдом патшаларының нәсили-
нен болған эдомлы Ҳададты
Сулайманға душпан қылып, оған
қарсы көтерди. 15 Даўыт эдомлылар
менен урыс алып барғанда, оның
сәркәрдасы Иоаб өлгенлерди көмиў
ушын келди ҳәм Эдомдағы еркек-
лердиң ҳәммесин қырып таслады.
16 Иоаб ҳәм пүткил израиллы әс-
керлер Эдомдағы еркек затының
ҳәммесин қырып таслайман деген-
ше, сол жерде алты ай қалып кетти.
17 Бирақ сол ўақытта кишкене бала
болған Ҳадад әкесине хызмет еткен
базы эдомлылар менен бирге Мы-
сырға қарай қашып кетти. 18 Олар
Мидяннан шығып, Паранға барды
ҳәм ол жерден базы паранлылар-
ды қосып алып, Мысырға, фараон-
ға барды. Фараон Ҳададқа үй ҳәм
жер берди, оны азық-аўқат пенен
тәмийинледи. 19 Ҳадад фараонның
кеўлинен шықты. Фараон Ҳададты
өз ҳаялының, ханбийке Тахпенес-
тиң сиңлисине үйлендирди. 20 Тах-
пенестиң сиңлиси Ҳададқа Генубат
атлы ул туўып берди. Тахпенес Ге-
нубатты фараонның үйинде өсир-
ди. Ол фараонның балалары менен
бирге өсти. 21 Ҳадад Мысырда жүр-
ген ўақытта Даўыттың ҳәм оның
сәркәрдасы Иоабтың өлгени туў-
ралы еситти. Ол фараонға:

– Рухсат берсеңиз, өз елиме қай-
тайын, – деди.

22 Фараон оған:

– Өз елиме кетемен дейтуғындай,
бул жерде бир нәрседен кемшили-
гиң бар ма? – деп сорады.

Ҳадад оған жуўап берип:

– Ҳасла, бирақ өтинемен, қайты-
ўыма рухсат бериң, – деди.

23 Қудай және бир душпанды, яғ-
ный өз ҳүкимдарынан, Соба пат-
шасы Ҳададезерден қашқан Эляда

улы Резонды Сулайманға қарсы
көтерди. 24 Даўыт собалыларды
қырып таслағаннан соң, Резон жа-
нына қарақшыларды топлап, олар-
ға басшы болған еди. Бул адамлар
Дамаскке кетип, сол жерде қал-
ған ҳәм Дамаскте ҳүкимдарлық-
ты қолға киргизген еди. 25 Резон
да Сулайманның өмири даўамында
Израилға душпан болып келди. Ол
Арамда патшалық етти ҳәм Ҳадад
ислеген жаманлықларға қоса, ол да
Израилға жаманлық ислеп келди.

### Яробамның Сулайманға қарсы көтерилиўи

26 Және, Сулайманның хызмет-
керлеринен бири Эфрайым уры-
ўынан середалы Набат улы Яробам
патшаға қарсы бас көтерди. Оның
анасы Серуа деген бир жесир ҳаял
еди. 27 Яробамның патшаға қарсы
шығыўының себеби мынаў еди: Су-
лайман Миллоны қурдырып, әкеси
Даўыттың қаласының дийўалын-
дағы жарықларды питетти. 28 Яро-
бам мәрт адам еди. Сулайман бул
жигиттиң қәбилетли екенин көр-
генде, оны Юсуптиң урпақларынан
алынған пүткил мәрдикаршылар
үстинен бақлаўшы етип қойды.

29 Бир күни Яробам Ерусалимнен
сыртқа шыққанда, шилолы пайғам-
бар Ахия оны жолда қарсы алды.
Ахияның үстинде таза кийим бар
еди. Қала сыртындағы далада олар-
дан басқа ҳеш ким жоқ еди. 30 Ахия
үстиндеги таза кийимди шешти де,
оны жыртып, оны он еки бөлекке
бөлди. 31 Кейин Яробамға:

– Он бөлегин өзиңе ал, себеби Из-
раилдың Қудайы Жаратқан Ийе
былай дейди: «Мен Сулайманның
қолынан патшалықты тартып ала-
ман ҳәм он урыўды саған беремен.
32 Бирақ қулым Даўыттың ҳүрме-
ти ҳәм Израилдың пүткил урыў-
лары арасынан таңлап алған қалам
Ерусалим ушын бир урыўды оған
қалдыраман. 33 Себеби Сулайман*
Меннен жүз бурып, сидонлылардың
ҳаял қудайы Аштартаға, моаблар-
дың қудайы Кемошқа ҳәм аммон-
лардың қудайы Милкомға табынып
кетти. Ол Мениң нәзеримде дурыс
болған ислерди ислеп, қағыйдала-
рыма ҳәм нызамларыма бойсынып
жасаған әкеси Даўытқа уқсамады
ҳәм Мениң жолларымнан жүрмеди.
34 Деген менен, буйрықларыма ҳәм
қағыйдаларыма бойсынып жасаған,
таңлап алған қулым Даўыттың ҳүр-
мети ушын, пүткил патшалықты
Сулайманның өзиниң қолынан тар-
тып алмайман. Оны өмириниң ақы-
рына шекем ҳүкимдар етип қояман.
35 Бирақ патшалықты оның улының
қолынан тартып алып, он урыўды
Яробам, саған беремен. 36 Ал Мениң
алдымда, атымның сол жерде болы-
ўы ушын Өзиме таңлап алған қалам
Ерусалимде қулым Даўыттың шы-
рағы мәңгиге сөнип қалмаўы ушын,
Сулайманның улына бир урыўды
беремен. 37 Саған келсек, Мен сени
таңлап аламан, сен кеўлиң күсеген
нәрселердиң ҳәммесиниң үстинен
бийлик жүргизип, Израилға патша
боласаң. 38 Егер сен қулым Даўыт
сыяқлы айтқанларымды орынлап,
қағыйда ҳәм буйрықларыма бой-
сынып жасасаң, нәзеримде туўры
болған ислерди ислеп, Мениң жол-
ларым менен жүрсең, онда Мен се-
ниң менен бирге боламан. Даўытқа
ислегеним сыяқлы, сениң ушын да

беккем бир урпақ – патшалар әў-
ладын жаратып, Израилды саған
беремен. 39 Сулайманның гүнасы
себепли Даўыттың урпағын жаза-
лайман, бирақ буны мәңгиге исле-
meймен».

### Сулайманның өлими

40 Сулайман Яробамды өлтирмек-
ши болды. Бирақ Яробам Мысырға,
Мысыр патшасы Шишақтың жа-
нына қашып кетип, Сулайманның
өлимине шекем сол жерде жасады.
41 Сулайманның басқа ислери ҳәм
ол ислеген барлық ислер, оның да-
налықлары Сулайманның ислери
китабында жазылған. 42 Сулай-
ман қырық жыл даўамында пүт-
кил Израилды Ерусалимде турып
басқарды. 43 Сулайман өлип, ата-
бабаларына қосылды ҳәм әкеси Да-
ўыттың қаласына жерленди. Оның
орнына улы Рехабам патша болды.

### Израиллылардың Рехабамға қарсы көтерилиўи

**12** 1 Рехабам Шехемге кет-
ти. Өйткени пүткил изра-
иллылар Рехабамды патша етип
қойыў ушын Шехемге топланған
еди. 2 Патша Сулайманнан қашып,
Мысырда жасап атырған Набат
улы Яробам буны еситкенде, еле
Мысырда еди. 3 Израиллылар Яро-
бамды шақыртты. Сонда Яробам
ҳәм пүткил Израил жәмийети Ре-
хабамға келип:
4 – Әкеңиз мойнымызға аўыр мо-
йынтырық салған еди. Сиз әкеңиз
жүклеген аўыр жүкти ҳәм ол сал-
ған мойынтырықты жеңиллетиң.
Сонда сизге хызмет етемиз, – деди.
5 Рехабам оларға:
– Енди барып, үш күннен кейин
қайтып келиңлер, – деди. Солай
етип, халық тарқасты.
6 Патша Рехабам әкеси Сулай-
манның көзиниң тирисинде оған
хызмет еткен ақсақаллар менен
ойласып:
– Мына халыққа не деп жуўап бе-
рейин, қандай мәсләҳәт бересиз-
лер? – деп сорады.
7 Ақсақаллар оған:
– Егер бүгин сиз бул халыққа қул
болып, хызмет етсеңиз ҳәм оларға
жуўап бергенде, жақсы сөзиңизди
аямасаңыз, олар сизге бир өмир қул
болады, – деп жуўап берди.
8 Деген менен, Рехабам ақсақал-
лардың мәсләҳәтине қулақ аспай,
өзи менен бирге өскен жас хызмет-
шилери менен кеңесип, 9 олардан:
– «Әкеңиздиң бизлерге салған
мойынтырығын жеңиллетсеңиз», –
деп атырған бул халыққа не деп
жуўап берсем екен? Сизлер қандай
мәсләҳәт бересиз? – деп сорады.
10 Сонда өзи менен бирге өскен
жас жигитлер оған былай деп жу-
ўап берди:
– Сизге: «Әкеңиз мойнымыз-
ға аўыр мойынтырық салған еди,
сиз оны жеңиллетсеңиз», – деп
атырған халыққа: «Мениң шуна-
тай бармағым әкемниң белинен де
жуўанырақ. 11 Әкем сизлерге аўыр
мойынтырық салған болса, мен мо-
йынтырығыңызды оннан да аўыр-
латаман. Әкем сизлерди қамшы
менен жазалаған болса, мен сиз-
лерди сым қосып өрилген қамшы
менен жазалайман», – деп айтың.
12 Патшаның: «Үш күннен кейин
қайтып келиңлер», – деген сөзи
бойынша, үшинши күни Яробам

ҳәм пүткил халық Рехабамға кел-
ди. 13 Патша ақсақаллардың өзи-
не берген кеңесине қулақ аспай,
халыққа қатал жуўап берди. 14 Ол
жас жигитлердиң мәсләҳәти бо-
йынша халыққа:

– Әкем сизлерге аўыр мойынты-
рық салған болса, мен мойынты-
рығыңызды оннан да аўырлатаман.
Әкем сизлерди қамшы менен жа-
залаған болса, мен сизлерди сым
қосып өрилген қамшы менен жаза-
лайман, – деди. 15 Патша халыққа
қулақ салмады. Себеби Жаратқан
Ийе шилолы Ахия арқалы Набат
улы Яробамға айтқан сөзлерин
орынлаў ушын усылай иследи.

16 Пүткил израиллылар патша-
ның өзлерине қулақ салмағанын
көргенде, патшаға былай деп жу-
ўап берди:

«Даўыт пенен бизиң не
байланысымыз бар,
Ишайдың улында алатуғын
үлесимиз де жоқ.
Ҳәй, Израил халқы,
үйлериңизге қайтыңлар!
Ҳәй Даўыт, өз үйиң өзиңе
ардана болсын!»

Усыларды айтып, израиллылар
өз үйлерине қайтып кетти.

17 Бирақ Рехабам Яҳуда қала-
ларында жасайтуғын израиллы-
ларға патшалық етиўин даўам
етти. 18 Патша Рехабам мәрдикар-
ға алынғанлар үстинен қадағалаў-
шы Адонирамды Израил халқына
жиберди. Халық оны тас боран қы-
лып өлтирди. Сонда патша Реха-
бам тез саўаш арбасына минди де,
Ерусалимге қашып кетти. 19 Сол
күннен баслап ҳәзирге дейин, Из-
раил халқы Даўыттың урпағына
қарсы көтерилип келмекте. 20 Пүт-
кил израиллылар Яробамның Мы-
сырдан қайтып келгенин еситкенде
адам жиберип, оны өзлериниң жы-
йынына шақырды ҳәм пүткил Из-
раил үстинен патша етип қойды.
Яҳуда урыўынан басқа ҳеш бири
Даўыттың урпағының қол астын-
да қалмады.

## Шемаяның пайғамбаршылығы

21 Сулайманның улы Рехабам
Ерусалимге барды да, Израил
урыўлары менен урысып, өз пат-
шалығын қайтарып алыў ушын,
пүткил Яҳуда ҳәм Бенямин уры-
ўынан бир жүз сексен мың ағла
жаўынгерди әскерликке топлады.
22 Бирақ сол арада Қудайдың ада-
мы болған Шемаяға Қудайдан мы-
надай сөз түсти:

23 – Яҳуда патшасы Сулайман-
ның улы Рехабамға, пүткил Яҳуда,
Бенямин урыўларына ҳәм сол жер-
де жасайтуғын басқа халықларға
былай деп айт: 24 «Жаратқан Ийе
былай дейди: „Израиллыларға, өз
туўысқанларыңызға қарсы урыс
ашып, урысты басламаңлар. Ҳәр
бириңиз өз үйиңизге қайтыңлар.
Өйткени бул ислерди ислеп атыр-
ған Мен боламан“».

Жаратқан Ийениң бул сөзлерин
еситкен халық Оның буйрығына
бойсынып, үйлерине қайтты.

## Бейт-Эл ҳәм Дандағы алтын бузаўлар

25 Яробам Эфрайымның таў-
лы үлкесиндеги Шехем қаласын

беккемлеп, сол жерде жасай баслады. Соңынан ол жерден кетип, Пенуел қаласына қорған салды.
26 Яробам ишинен: «Патшалық және Даўыттың урпақларына өтиўи
мүмкин. 27 Егер бул халық Ерусалимге, Жаратқан Ийениң Үйине қурбанлық бериў ушын бара берсе, жүреклери ҳүкимдарына, Яҳуда патшасы Рехабамға аўып кетер ҳәм мени өлтирип, патшасы Рехабам тәрепке өтип кетер», – деп ойлады.

28 Патша кеңесгөйлери менен кеңескеннен соң, алтыннан еки тананы ислетип, халыққа: «Ҳәй, Израил халқы, сыйыныў ушын енди Ерусалимге барыўыңыздың ҳәжети жоқ. Мине, сизлерди Мысырдан алып шыққан қудайларыңыз!» – деди. 29 Ол таналардың
биреўин Бейт-Элге, екиншисин
Дан қаласына қойды. 30 Бул аўыр
гүнаға алып келди. Себеби халық таналардың биреўине табыныў ушын, ҳәтте, Данға қарай кете баслады.

31 Яробам сыйыныў орынларына бутханалар қурдырды ҳәм халық арасынан лебийлилерден болмаған адамларды руўханийлер етип қойды.
32 Яробам сегизинши айдың он бесинши күни Яҳудадағы байрамға еликлеп бир байрам шөлкемлестирди. Ол Бейт-Элдеги қурбанлық орында өзи соқтырған таналарына атап қурбанлықлар берди ҳәм сол жерде өзи қурдырған сыйыныў орынларының руўханийлерин хызметке қойды.
33 Ол өз қәлеўи менен белгилеп алған күни, сегизинши айдың он бесинши күни қурбанлықты жағып түтетиў ушын Бейт-Элде өзи қурдырған қурбанлық орынға барды. Сол күнди Израил урпақлары ушын байрам күни деп белгиледи.

### Яҳудалы Қудайдың адамы

13 1 Яробам қурбанлықты жағып түтетиў ушын қурбанлық орынның жанында турған ўақытта, Қудайдың адамы Жаратқан Ийениң буйрығы бойынша Яҳудадан Бейт-Элге келди.
2 Ол Жаратқан Ийениң буйрығы бойынша, қурбанлық орынға қарата былай деп бақырды:

– Қурбанлық орын, ҳәй, қурбанлық орын! Жаратқан Ийе былай дейди: «Даўыттың урпағынан Иошия деген бир ул дүньяға келеди. Ол қурбанлықты жағып түтетип, сыйыныў орынларында хызмет еткен руўханийлерди сениң үстиңде қурбанлыққа береди. Сениң үстиңде адамның сүйеклери жағылады».

3 Сол күни Қудайдың адамы буның белгиси туўралы былай деди:

– Бул сөзлерди Жаратқан Ийениң айтқанлығын билдиретуғын белги мынаў: мына қурбанлық орын қақ айырылып, үстиндеги күл төгилип кетеди.

4 Патша Яробам Қудайдың адамының Бейт-Элде қурбанлық орынға қарсы бақырып айтқан сөзлерин еситкенде, қолын қурбанлық орыннан алып, оған қарай созды да:

– Усланлар оны! – деп бақырды. Сонда оның Қудайдың адамына қарай созған қолы сәррийип қатып, қыймылдамай қалды.
5 Қудайдың адамының Жаратқан Ийениң сөзине муўапық айтқан белгиси

бойынша, қурбанлық орын қақ
айырылып, үстиндеги күл төгилди.
6 Сол ўақытта патша Яробам
Қудайдың адамына:
– Өтинемен, қолымның бурын-
ғы ҳалына келиўи ушын, Қудайың
Жаратқан Ийеге дуўа етип, Он-
нан реҳим етиўди сора, – деди.
Қудайдың адамы Жаратқан Ийе-
ге жалбарынғанда, патшаның қолы
жазылып, бурынғы ҳалына келди.
7 Патша Қудайдың адамына:
– Мениң менен үйиме барып, аў-
қатланып, ҳәлленип ал, саған сый-
лар берейин, – деди.
8 Бирақ Қудайдың адамы оған:
– Байлығыңыздың ярымын
берсеңиз де, мен сиз бенен бир-
ге бармайман, бул жерден нан да
жемеймен, суў да ишпеймен. 9 Се-
беби Жаратқан Ийе маған: «Ол
жерде ҳеш нәрсе ишип-жеме ҳәм
барған жолың менен қайтпа», – деп
буйрық берди, – деп жуўап берди.
10 Солай етип, Қудайдың адамы
Бейт-Элге келген жолынан кери
қайтпай, басқа жол менен кетти.

### Бейт-элли ғарры пайғамбар

11 Бейт-Элде жасайтуғын бир
ғарры пайғамбар бар еди. Улла-
ры келип, оған сол күни Қудай-
дың адамының Бейт-Элде ислеген
ислери ҳәм патшаға айтқанлары
ҳаққында әкесине айтып берди.
12 Ғарры олардан:
– Қудайдың адамы қайсы жолдан
кетти? – деп сорады. Уллары оған
Яҳудадан келген Қудайдың ада-
мының қайсы жолдан кеткенин
көрсетти. 13 Сонда ғарры улларына:
– Ешегимди ертлеңлер, – деди. Ул-
лары ешегин ертлегеннен соң, ол
ешекке минип, 14 Қудайдың ада-
мының изинен кетти. Оны тере-
бинф ағашының астында отырған
жеринен тапты ҳәм оннан:
– Яҳудадан келген Қудайдың ада-
мы сенбисең? – деп сорады.
Сол адам:
– Аўа, мен, – деп жуўап берди.
15 Ғарры пайғамбар оған:
– Жүр, мениң менен үйге барып,
аўқат жеп кет, – деди.
16 Қудайдың адамы оған:
– Жолымнан қайтып, сиз бенен
кете алмайман. Бул жерде нан да
жемеймен, суў да ишпеймен. 17 Өйт-
кени Жаратқан Ийе маған: «Ол жер-
де ҳеш нәрсе ишип-жеме ҳәм барған
жолың менен қайтпа», – деп буйрық
берди, – деп жуўап берди.
18 Ғарры пайғамбар оған:
– Мен де сен сыяқлы бир пайғам-
барман. Жаратқан Ийениң буйры-
ғы бойынша бир периште келип,
маған: «Оны қайтарып, үйиңе әкел.
Ол нан жеп, суў ишип алсын», – деп
айтты, – деди.
Бирақ ғарры пайғамбар Қудайдың
адамын алдаған еди. 19 Солай етип,
Қудайдың адамы ғарры пайғамбар
менен бирге изине қайтты ҳәм оның
үйине барып, ишип-жеди. 20 Олар
еле дастурхан әтирапында отыр-
ғанда, Қудайдың адамын жолынан
қайтарған пайғамбарға Жаратқан
Ийеден сөз түсти. 21 Ғарры пайғам-
бар Яҳудадан келген Қудайдың ада-
мына былай деп бақырды:
– Жаратқан Ийе былай дейди:
«Сен Мениң сөзиме бойсынбадың,
Қудайың Жаратқан Ийениң өзиңе
берген буйрығын орынламадың.
22 Жолыңнан қайтып, саған ишип-
жеме деген жеримде ишип-жедиң.

Сонлықтан сениң денең ата-баба-
ларыңның қәбирине қосылмайды».
[23] Қудайдың адамы ишип-жеп
болғаннан соң, ғарры пайғам-
бар оның ешегин ертлеп берди.
[24] Қудайдың адамы кетип бара-
тырып, жолда бир арысланға тап
болды, арыслан оны өлтирди. Ешек
те, арыслан да созылып жатыр-
ған дененің жанында турған еди.
[25] Жолдан өтип баратырғанлар
жолда жатырған өликти ҳәм оның
жанында турған арысланды көр-
ди. Олар ғарры пайғамбар жасап
атырған қалаға барып, көргенле-
рин айтып берди.
[26] Қудайдың адамын жолдан қай-
тарған ғарры пайғамбар буны есит-
кенде: «Жаратқан Ийениң сөзине
бойсынбаған Қудайдың адамы сол
болады. Сонлықтан Жаратқан Ийе
Өз сөзи бойынша оған бир арыслан-
ды жиберди. Арыслан оны тилким-
леп өлтирди», – деди. [27] Ол улларына:
– Ешегимди ертлеңлер, – деди.
Олар ешекти ертледи.
[28] Ғарры кетип, жолда жатыр-
ған денени таўып алды. Ешек пе-
нен арыслан еле дененің жанында
турған екен. Арыслан денени де
жемеген, ешекке де тиймеген еди.
[29] Ғарры пайғамбар Қудайдың
адамының денесин көтерип алып,
ешекке артты. Жоқлаў айтып жер-
леў ушын, оны өз қаласына қайта-
рып алып келди. [30] Соңынан ғарры
марҳумды өзиниң қәбирине қойып:
«Ўаҳ, баўырым!» – деп оған жоқлаў
айтты. [31] Қудайдың адамын жер-
легеннен кейин, пайғамбар ғарры
улларына былай деди:
– Өлгенимнен кейин, мени Қудай-
дың адамының қәбирине қойың,
сүйеклеримди де оның сүйекле-
риниң жанына қойың. [32] Себеби
оның Бейт-Элдеги қурбанлық орын
ҳәм Самария қалаларындағы бар-
лық сыйыныў орынлары туўралы
Жаратқан Ийениң буйрығы бойын-
ша айтқан сөзлери сөзсиз орын-
ланады.

### Яробамның уллы гүнасы

[33] Бул ўақыядан кейин де, Яро-
бам өзиниң жаман жолынан қайт-
пады. Ол халық арасынан қәлеген
адамын сыйыныў орынларына
руўханийлер етип қойыўын да-
ўам етип, руўханий болыўды қә-
леген ҳәр бир адамды хызметке
тайынлады. [34] Бул ислер Яробам-
ның урпағының гүнаға батыўына
ҳәм қырылып, жер бетинен жоқ
болып кетиўине алып келди.

### Яробамның улының өлими

**14** [1] Сол ўақытлары Яробам-
ның улы Абия наўқасланып
қалды. [2] Сонда Яробам ҳаялына
былай деди:
– Тур, мениң ҳаялым екениңди
билмеўи ушын, кийимлериңди өз-
гертип ал да, Шилоға бар. Мениң
усы халықтың патшасы болату-
ғыным туўралы алдын ала айтқан
пайғамбар Ахия сол жерде жасай-
ды. [3] Он шөрек, бир неше қытыр-
лақ нан ҳәм бир гүзе пал алып, оған
апар. Улымызға не болатуғынын
ол саған айтады.
[4] Ҳаялы Яробамның айтқанын-
дай ислеп, Шилоға, Ахияның үйи-
не кетти. Ахия қартайғанлықтан,
көзи көрмейтуғын болып қалған
еди. [5] Жаратқан Ийе Ахияға: «Ми-
не, Яробамның ҳаялы киятыр. Ол

келелге шалынған улына не бола-
туғынын сеннен сорамақшы. Сен
оған мынадай-мынадай деп айт.
Ол өзин басқа ҳаял етип көрсетиў
ушын сыртқы көринисин өзгертип
алған», – деди.
6 Ахия қапыдан кирип киятыр-
ған ҳаялдың аяқ сестин еситкенде
былай деди:
– Яробамның ҳаялы, ишке кир!
Неге сыртқы көринисинди өз-
гертип, басқаша кийинип алдың?
Саған жаман хабарларым бар.
7 Яробамға барып, былай деп айт:
«Израилдың Қудайы Жаратқан
Ийе былай дейди: Мен сени хал-
қым арасынан таңлап алып, Өз хал-
қыма, израиллыларға ҳүкимдар
етип қойдым. 8 Патшалықты Да-
ўыттың урпағынан тартып алып,
саған бердим. Бирақ сен қулым Да-
ўытқа уқсамадың. Ол буйрықлары-
ма бойсынды ҳәм Мениң нәзеримде
дурыс болған ислерди ислеп, шын
жүректен Мениң изимнен жүрди.
9 Сен өзиңнен алдын жасағанлар-
дың ҳәммесинен де бетер жаманы-
рақ жаманлықлар иследиң. Өзиңе
басқа қудайлардың, яғный тана
мүсинлерин соғып алып, Мениң
ғәзебимди келтирдиң. Сен Мен-
нен жүз бурдың.
10 Сол себепли Мен сениң хожа-
лығыңды апатшылыққа ушыратып,
Израилда сениң урпағыңнан бол-
ған пүткил еркек затын: қул болса
да, азат адам болса да, ҳәммесин те-
зектиң түйирин де қалдырмай өр-
тегендей етип өртеп, күлин көкке
суўыраман. 11 Сениң хожалығыңнан
қалада өлгенлери ийтлерге, далада
өлгенлери көктеги қусларға жем бо-
лады». Буны Жаратқан Ийе айтты.
12 Сен енди үйиңе қайт. Қалаға
аяғыңды басыўдан-ақ улың өледи.
13 Пүткил Израил халқы жоқлаў
айтып, оны жерлейди. Яробам-
ның хожалығынан жалғыз ол ға-
на жерленеди. Себеби Израилдың
Қудайы Жаратқан Ийе Яробамның
урпағынан жалғыз онда ғана Өзи-
не унаған бир нәрселерди тапты.
14 Енди Жаратқан Ийе Өзи ушын
Израилға бир патша қояды. Бул
патша сол күни-ақ, аўа, ҳәзир-ақ
Яробамның урпағын қырып тас-
лайды. 15 Жаратқан Ийе Израил
халқын жазалайды ҳәм ол суўда
тербелип турған қамысқа уқсап
қалады. Жаратқан Ийе оларды
ата-бабаларына берген бул жақ-
сы жерлерден қуўып шығарып, Ев-
фрат дәрьясының арғы тәрепине
шашыратып жибереди. Өйткени
олар өзлерине кийели ағашлар-
ды ислеп алып, Жаратқан Ийениң
ғәзебин келтирди. 16 Яробамның
ислеген ҳәм Израилға ислеткен
гүналары себепли Жаратқан Ийе
Израилды тәрк етеди.
17 Яробамның ҳаялы ол жерден
шығып, Тирсаға келди. Ол үйине
аяқ басар-баспастан, бала қайтыс
болды. 18 Пүткил израиллылар оны
жерлеп, ол ушын аза тутты. Солай
етип, Жаратқан Ийениң Өз қулы
пайғамбар Ахия арқалы айтқан
сөзи орынланды.

### Яробамның өлими

19 Яробамның басқа ислери, яғ-
ный, қалай урысқанлары ҳәм елди
қалай басқарғаны Израил пат-
шаларының жылнама китабын-
да жазылған. 20 Яробам жигирма
еки жыл патшалық етти. Ол өлип,

ата-бабаларына қосылғаннан соң,
оның орнына улы Надаб патша
болды.

### Яҳуда патшасы Рехабам

21 Сулайманның улы Рехабам
Яҳудаға патша болғанда қырық
бир жаста еди. Рехабам Жаратқан
Ийе Өз атын орнатыў ушын Изра-
илдың пүткил урыўлары арасынан
таңлап алған қаласы Ерусалимде
он жети жыл патшалық етти. Оның
анасы аммон халқынан болып, аты
Наама еди.
22 Яҳудалылар Жаратқан Ийениң
нәзеринде жаўыз болған ислерди
иследи. Олар ата-бабалары ислеген
гүналардан да үлкенирек гүналар
ислеп, Жаратқан Ийениң қызға-
нышлы ғәзебин оятты. 23 Олар да
арқа патшалық сыяқлы, өзлери
ушын ҳәр бир бийик төбешикке
ҳәм қойыў жапырақлы теректиң
астына сыйыныў орынларын ислеп,
кийели таслар менен кийели ағаш-
лар орнатты. 24 Ҳәтте, үлкедеги
сыйыныў орынларында бузықшы-
лық иси менен шуғылланатуғын
еркеклер де болды. Яҳудалылар
Жаратқан Ийениң бурын Израил
халқының алдынан қуўған халық-
лары ислеген барлық жеркенишли
ислерди иследи.
25 Рехабамның патшалығының
бесинши жылында Мысыр пат-
шасы Шишақ Ерусалимге ҳүжим
жасады. 26 Ол Жаратқан Ийениң
Үйиндеги ҳәм патша сарайында-
ғы ғәзийнелерди тартып алып кет-
ти. Ол ҳәмме нәрсени, Сулайман
соқтырған алтын қалқанларды да
алып кетти. 27 Соңынан патша Ре-
хабам булардың орнына қоладан
қалқанлар ислетти ҳәм оларды пат-
ша сарайының кирер аўзын қорғай-
туғын сақшылардың басшыларына
берди. 28 Патша Жаратқан Ийениң
Үйине ҳәр барғанда, сақшылар бул
қалқанларды алып жүретуғын, со-
ңынан және сақшылардың бөлме-
сине апарып қоятуғын еди.
29 Рехабамның басқа ислери ҳәм
ол ислеген ҳәр бир нәрсе Яҳуда пат-
шаларының жылнама китабын-
да жазылған. 30 Рехабам менен
Яробам пүткил өмири даўамын-
да урысып келди. 31 Рехабам өлип,
ата-бабаларына қосылғанда, ол
Даўыттың қаласына, ата-бабала-
рының жанына қойылды. Реха-
бамның анасы аммон халқынан
болып, аты Наама еди. Рехабамның
орнына улы Абиям[a] патша болды.

### Яҳуда патшасы Абиям

**15** 1 Израил патшасы Набат
улы Яробамның патшалы-
ғының он сегизинши жылында
Абиям Яҳудаға патша болды. 2 Ол
Ерусалимде үш жыл патшалық етти.
Абиямның анасы Абшаломның қы-
зы Мааха еди. 3 Абиям да әкесиниң
бурын ислеген барлық гүналарын
даўам етти. Ол Қудайы Жаратқан
Ийеге жүрегин толық бағышлаған
бабасы Даўытқа уқсамады. 4 Солай
болса да, Қудайы Жаратқан Ийе
Даўыттың ҳүрмети ушын оған Еру-
салимде бир шырақ жағып берди:
өзинен кейин улын оның орнына
отырғызды ҳәм Ерусалимди бек-
кемледи. 5 Себеби хет халқынан

---

[a] **14:31** *Абиям* – ямаса Абия.

болған Урияға ислеген исин есапқа
алмағанда, Даўыт Жаратқан Ийе-
ниң нәзеринде дурыс болған ислер-
ди ислеп, пүткил өмири бойы Оның
буйрықларының ҳеш бирин орын-
лаўдан бас тартпаған еди.
6 Рехабам менен Яробам ара-
сындағы саўаш Абиямның өми-
рининң ақырына шекем даўам етти.
7 Абиямның басқа ислери ҳәм ол
ислеген барлық ислер Яҳуда пат-
шаларының жылнама китабында
жазылған. Абиям менен Яробам
арасында саўаш үзликсиз даўам
еткен еди. 8 Абиям өлип, ата-ба-
баларына қосылғанда, Даўыттың
қаласына жерленди. Оның орны-
на улы Аса патша болды.

### Яҳуда патшасы Аса

9 Израил патшасы Яробамның
патшалығының жигирмаланшы
жылында Аса Яҳудаға патша бол-
ды. 10 Ол Ерусалимде қырық бир
жыл патшалық етти. Оның кемпир
апасы Абшаломның қызы Мааха
еди. 11 Аса бабасы Даўыт сыяқлы
Жаратқан Ийениң нәзеринде дурыс
болған ислерди иследи. 12 Ол сыйы-
ныў орынларындағы бузықшылық
пенен шуғылланатуғын еркеклер-
ди қуўып жиберди ҳәм ата-бабала-
ры ислеген барлық бутларды алып
таслады. 13 Кемпир апасы Мааха
Ашераға арнап жеркенишли бир
бут соқтырғаны ушын, патша Аса
оннан ханбийкелик атағын тартып
алды. Аса бул жеркенишли бутты
шаўып таслап, Кидрон сайында
жағып жиберди. 14 Ол тек сыйыныў
орынларын жоқ қылмады, бирақ
өмир бойы Жаратқан Ийеге садық
қалды. 15 Аса әкесиниң ҳәм өзиниң
атаған нәрселерин: гүмисти, ал-
тынды ҳәм буйымларды Жаратқан
Ийениң Үйине алып келди.
16 Яҳуда патшасы Аса менен Из-
раил патшасы Бааша арасындағы
саўаш олардың өмириниң ақырына
шекем даўам етти. 17 Израил пат-
шасы Бааша Яҳудаға қарсы шығып,
Яҳуда патшасы Асаның жерлери-
не ҳеш кимниң кирип-шықпаўы
ушын, Рама қаласының бекини-
син күшейтти.
18 Сонда Аса Жаратқан Ийениң
Үйиндеги ҳәм сарай қазнасындағы
қалған барлық гүмис пенен алтын-
ды алды да, оларды хызметшиле-
ри арқалы Дамаскте жасайтуғын
Арам патшасына, Хезйонның ақ-
лығы Табриммонның улы Бен-Ҳа-
дадқа жиберип, оған былай деди:
19 «Әкелеримиз арасында болға-
ны сыяқлы, бизлердиң арамызда
да келисим болсын. Сизге саўғаға
гүмис ҳәм алтын жиберип атыр-
ман. Израил патшасы Бааша ме-
ниң жеримнен кетиўи ушын, сиз
оның менен дүзген келисимиңиз-
ди бузсаңыз».
20 Бен-Ҳадад патша Асаның
усынысын қабыл етип, Израил
қалаларына қарсы әскербасыла-
рын жиберди. Олар Иййон, Дан,
Абел-Бейт-Мааха қалаларын, пүт-
кил Нафталий жери менен бирге
пүткил Киннеретти басып алды.
21 Бааша буны еситкенде, Рама-
ның бекинисиниң қурылысын
тоқтатып, Тирсаға қайтып келди.
22 Патша Аса бирде бир адамды
қалдырмай, пүткил яҳудалылар-
ды шақырды. Олар Раманың беки-
нисин қурғанда, Бааша қолланған
тас ҳәм ағашларды Рамадан тасып

алып кетти ҳәм патша Аса олар-
дан Бенямин жериндеги Геба ҳәм
Миспа қалаларының бекинисин
күшейтти.
23 Асаның басқа барлық ислери,
барлық қаҳарманлықлары, бар-
лық ислеген ислери ҳәм ол қур-
дырған барлық қалалар Яҳуда
патшаларының жылнама кита-
бында жазылған. Ол қартайғанда
аяқ аўырыўына шалынды. 24 Аса
өлип, ата-бабаларына қосылғанда,
бабасы Даўыттың қаласына, ата-
бабаларының жанына жерленди.
Оның орнына улы Еҳошафат пат-
ша болды.

### Израил патшасы Надаб

25 Яҳуда патшасы Асаның патша-
лығының екинши жылында Яро-
бамның улы Надаб Израилға патша
болды ҳәм Израилда еки жыл патша-
лық етти. 26 Ол да Жаратқан Ийениң
нәзеринде жаўыз болған ислерди
ислеп, әкесиниң жолы ҳәм Израил-
ға ислеткен гүналары изинен кетти.
27 Надаб ҳәм пүткил израиллылар
филистлердиң Гиббетон қаласын қа-
мал қылып атырғанда, Иссахар уры-
ўынан шыққан Ахия улы Бааша тил
бириктирип, Надабты Гиббетонда
өлтирди. 28 Яҳуда патшасы Асаның
патшалығының үшинши жылын-
да Бааша Надабты өлтирип, оның
орнына патша болды. 29 Ол тахтқа
отырыўдан-ақ, Яробамның урпағын
толығы менен қырып таслады. Яро-
бамның хожалығы пүткиллей жоқ
етилип, бирде бир тири жан қал-
мады. Солай етип, Жаратқан Ийе-
ниң Өз қулы шилолы Ахия арқалы
айтқан сөзи орынланды. 30 Булар-
дың ҳәммеси Яробамның өзи гүна
ислеп, Израил халқына да гүна исле-
тип, Израилдың Қудайы Жаратқан
Ийениң ғәзебин келтиргени себеп-
ли жүз берди.
31 Надабтың басқа ислери ҳәм ол
ислеген барлық ислер Израил пат-
шаларының жылнама китабында
жазылған. 32 Яҳуда патшасы Аса
менен Израил патшасы Бааша ара-
сындағы саўаш олардың өмириниң
ақырына дейин даўам етти.

### Израил патшасы Бааша

33 Яҳуда патшасы Асаның патша-
лығының үшинши жылында Ахия
улы Бааша пүткил Израилға пат-
ша болды ҳәм Тирсада жигирма
төрт жыл патшалық етти. 34 Баа-
ша Жаратқан Ийениң нәзеринде
жаўыз болған ислерди иследи. Ол
Яробамның жолын қуўып, оған
уқсап гүнаға батты, Израилды да
гүнаға батырды.

16 1 Жаратқан Ийеден Хана-
ний улы Еҳуға Израил пат-
шасы Бааша ҳаққында мынадай
сөз түсти: 2 «Сени Мен топырақтан
шығарып алып, халқым Израилға
ҳүкимдар етип қойдым. Бирақ сен
Яробамның жолынан жүрдиң ҳәм
халқым Израилды гүнаға баслап,
олардың гүнасы арқалы Мениң ғә-
зебимди келтирдиң. 3 Сонлықтан
Набат улы Яробамның урпағына
уқсатып, сениң ҳәм сениң урпа-
ғыңның күлин көкке суўыраман.
4 Сениң урпағыңнан қалада өлген-
лери ийтлерге, далада өлгенлери
көктеги қусларға жем болады».
5 Баашаның басқа ислери, ол исле-
ген ҳәр бир нәрсе, оның қаҳарман-
лықлары Израил патшаларының

жылнама китабында жазылған.
6 Бааша өлип, ата-бабаларына қосылғанда, Тирсаға жерленди ҳәм оның орнына улы Эла патша болды.

7 Жаратқан Ийениң Баашаға ҳәм оның урпағына қарсы ҳүкими Хананий улы пайғамбар Еҳу арқалы айтылған еди. Өйткени Бааша Жаратқан Ийениң нәзеринде жаўыз болған ислерди иследи, Яробамның хожалығына еликлеп ғана қоймай, өз гүналары менен Оның ғәзебин оятты ҳәм Яробамның пүткил әўладларын қырып таслады.

## Израил патшасы Эла

8 Яҳуда патшасы Асаның патшалығының жигирма алтыншы жылында Бааша улы Эла Тирсада Израилға патша болды ҳәм ол еки
жыл патшалық етти. 9 Саўаш арбаларының ярымына басшылық ететуғын Зимрий деген бир хызметшиси Элаға қарсы тил бириктирди. Бир күни Эла Тирсада сарай басқарыўшысы Арсаның үйинде
ишип, мәс болып қалды. 10 Сонда
Зимрий ишке кирип, Эланы өлтирди ҳәм оның орнына тахтқа отырды. Бул ўақыя Яҳуда патшасы Асаның патшалығының жигирма жетинши жылында болды.

11 Зимрий патша болып тахтқа отырыўдан-ақ, Баашаның урпағын толығы менен қырып таслады. Оның досларынан да, туўысқанларынан да бирде бир ер адамды тири
қалдырмады. 12 Жаратқан Ийениң
Баашаның хожалығына қарсы пайғамбар Еҳу арқалы айтқан сөзлери бойынша, Зимрий Баашаның урпағын пүткиллей қырып таслады.
13 Бул ўақыя Бааша ҳәм оның улы Эланың гүналары көп болып, Израил халқын гүнаға батырғаны, өзлериниң жарамсыз бутлары менен Израилдың Қудайы Жаратқан Ийениң ғәзебин келтиргени ушын жүз берген еди.

14 Эланың басқа ислери, ол ислеген ҳәмме нәрсе Израил патшаларының жылнама китабында жазылған.

## Израил патшасы Зимрий

15 Яҳуда патшасы Асаның патшалығының жигирма жетинши жылында Зимрий Тирсада тек жети күн-ақ патшалық етти. Сол ўақытлары Израил әскерлери филистлердиң Гиббетон қаласын қамал қылып, ордада жатырған еди.
16 Ордадағы израиллылар Зимрийдиң тил бириктирип, патшаны өлтиргенин еситти ҳәм сол күни-ақ олар сәркәрда Омрийди Израил-
ға патша етип жәриялады. 17 Омрий ҳәм оның қасындағы пүткил израиллылар Гиббетоннан келип,
Тирсаны қамал қылды. 18 Зимрий
қаланың қолдан кеткенин көргенде, патша сарайының қорғанына кирип, сол жерге от берди ҳәм өзи де
оттың ишинде өлип кетти. 19 Бул
оның Яробамның гүналы жолынан жүрип, Израилды гүнаға баслағаны ҳәм Жаратқан Ийениң нәзеринде жаўыз болған ислерди ислегени
себепли болды. 20 Зимрийдиң басқа ислери, оның патшаға ислеген қастыянлығы Израил патшаларының жылнама китабында жазылған.

## Израил патшасы Омрий

21 Буннан соң, Израил халқы екиге бөлинди. Олардың ярымы Гинат

улы Тибнийдиң, ал ярымы Ом-
рийдиң патша болыўын қәледи.
22 Ақырында, Омрийге ерген ха-
лық Гинат улы Тибнийге ерген ха-
лықтан үстин келди. Тибний өлип,
Омрий патша болды.
23 Яҳуда патшасы Асаның патша-
лығының отыз биринши жылын-
да Омрий Израилға патша болды.
Ол ҳәммеси болып он еки жыл пат-
шалық етип, соның дәслепки алты
жылында Тирсада патшалық етти.
24 Омрий Шемер деген адамнан
Самария төбешигин еки талант
гүмиске сатып алып, оның үстине
қала қурды. Қаланы төбешиктиң
бурынғы ийеси Шемердиң аты ме-
нен Самария деп атады.
25 Омрий де Жаратқан Ийениң
нәзеринде жаўыз болған ислерди
ислеп, өзинен алдыңғы барлық
патшалардан да жаманырақ жа-
ўызлықларды иследи. 26 Ол толық
Набат улы Яробамның жолынан
жүрди ҳәм оның Израилды бас-
лаған гүналарына қосылып, өзле-
риниң жарамсыз бутлары менен
Израилдың Қудайы Жаратқан
Ийениң ғәзебин келтирди.
27 Омрийдиң басқа ислери ҳәм
оның көрсеткен қаҳарманлықла-
ры Израил патшаларының жылна-
ма китабында жазылған. 28 Омрий
өлип, ата-бабаларына қосылғанда,
Самарияға жерленди ҳәм оның ор-
нына улы Ахаб патша болды.

### Израил патшасы Ахаб

29 Яҳуда патшасы Асаның пат-
шалығының отыз сегизинши жы-
лында Омрий улы Ахаб Израилға
патша болды ҳәм Самарияда жи-
гирма еки жыл патшалық етти.
30 Омрий улы Ахаб Жаратқан Ийе-
ниң нәзеринде жаўыз болған ис-
лерди иследи. Оның бул ислери
өзинен бурын болған патшалар-
дың ҳәммесиникинен де асып түс-
ти. 31 Оған Набат улы Яробамның
гүналарына шерик болыў аз бол-
ғандай, Сидон патшасы Этбаалдың
қызы Изабелге үйленди ҳәм Баал-
ға хызмет етип, оған табына басла-
ды. 32 Ол Самарияда Баалға арнап
қурдырған бутханасының ишине
Баал ушын қурбанлық орын да
қурды. 33 Буның үстине, ол кийели
ағаш та ислетти. Ахаб өзинен бу-
рын өткен Израил патшаларының
барлығынан да артығырақ гүна ис-
леп, Израилдың Қудайы Жаратқан
Ийениң қатты ғәзебин келтирди.
34 Ахаб патшалық еткен дәўир-
де, бейт-элли Хиел Ерихо қаласын
қайта қурды. Жаратқан Ийениң
Нун улы Ешуа арқалы алдын ала
айтқанындай, Хиел қаланың тий-
карын салғанда, өзиниң туңғыш
улы Абирамнан, ал қаланың дәр-
ўазасын қойғанда, генже улы Се-
губтан айырылды.

### Илияс ҳәм қурғақшылық

17 1 Гиладтың Тишбе қаласы-
нан болған Илияс Ахабқа:
– Мен хызмет ететуғын Израил-
дың Қудайы, тири Жаратқан Ийе
ҳақы ант ишемен: мен айтпағанша,
келеси жыллары жаўын да жаўмай-
ды, шық та түспейди, – деди.
2 Сол ўақытта Жаратқан Ийеден
Илиясқа мынадай сөз түсти:
3 – Бул жерден кетип, шығыс
тәрепке қарай жүр ҳәм Иордан
дәрьясының шығысындағы Ке-
рит сайының бойына жасырын.

[4] Сен сол сайдан суў ишесең, сол
жерде сени бағыўды ғарғаларға
буйырдым.
[5] Илияс Жаратқан Ийениң сөзи-
не бойсынып, Иордан дәрьясының
шығысындағы Керит сайының бо-
йына барды ҳәм сол жерде қалды.
[6] Ғарғалар ҳәр күни азанда ҳәм кеш-
те оған нан менен гөш әкелип тур-
ды, ол сууды сайдан ишти. [7] Бирақ
бир қанша ўақыт өткеннен кейин,
жерге жаўын жаўмағанлықтан, сай
да қурып қалды.

## Илияс ҳәм сарафатлы жесир ҳаял

[8] Сол ўақытта Илиясқа Жаратқан
Ийеден мынадай сөз түсти:
[9] – Енди Сидонға жақын жерде-
ги Сарафат қаласына барып, сол
жерде қал. Сол жерде жасайтуғын
бир жесир ҳаялға сени бағыўды
буйырдым.
[10] Илияс Сарафатқа кетти. Ол қа-
ла дәрўазасына жақынлағанда, сол
жерде отын жыйнап жүрген бир
жесир ҳаялға көзи түсти. Ол ҳаялға:
– Маған ишиў ушын бир саркүм
суў бересең бе? – деди. [11] Ҳаял суў
әкелиў ушын кетип баратырғанда,
Илияс оның изинен:
– Илтимас, маған шаппаттай нан
да ала кел, – деп бақырды.
[12] Ҳаял оған:
– Сизиң Қудайыңыз, тири
Жаратқан Ийе ҳақы ант ишемен:
жейтуғын ҳеш нәрсем жоқ. Тек
ыдыстағы бир ууыс ун менен гүзеде
азғантай май ғана бар. Мине, еки
қысым отын теремен де, барып сол
уннан улым менен өзиме бир нәрсе
писиремен. Усы соңғы асымызды
жеп болып, өлип кетемиз, – деди.
[13] Илияс ҳаялға былай деди:
– Қорқпа, барып айтқаныңды
писир. Бирақ дәслеп бир кишке-
не шөрек жаўып, маған әкелип
бер. Ал өзиң ҳәм улың ушын ке-
йин жабасаң. [14] Себеби Израил-
дың Қудайы Жаратқан Ийе былай
дейди: «Жаратқан Ийе жерге жа-
ўын жибергенше, ыдыстағы ун да,
гүзедеги май да таўысылмайды».
[15] Ҳаял барып, Илиястың айт-
қанларын иследи. Ҳаял, оның
хожалығы ҳәм Илияс узақ ўа-
қыт азық-аўқаттан тарықпады.
[16] Жаратқан Ийениң Илияс арқалы
айтқан сөзи бойынша, ыдыстағы ун
да, гүзедеги май да таўысылмады.
[17] Арадан бираз ўақыт өткеннен
соң, үй ийеси болған жесир ҳаял-
дың баласы наўқасланып қалды.
Оның наўқасы жүдә аўыр болып,
ақырында деми таўысылды. [18] Сон-
да ҳаял Илиясқа:
– Қудайдың адамы, мен сизге не
қылып едим? Сиз маған гүнала-
рымды еслетиў ҳәм улымды өлти-
риў ушын келип пе едиңиз? – деди.
[19] Илияс ҳаялға:
– Балаңды маған бер, – деди де,
баланы ҳаялдың қолынан алып,
оны өзи жасайтуғын жоқарғы бөл-
меге алып шықты ҳәм өз төсегине
жатқарды. [20] Соңынан Жаратқан
Ийеге жалбарынып былай деди:
«Қудайым Жаратқан Ийе, неге Сен
үйинен маған пана берген жесир ҳа-
ялдың баласын өлтирип, оған жа-
манлық иследиң?» [21] Кейин Илияс
үш рет баланың үстине өзин тас-
лап, Жаратқан Ийеге: «Қудайым
Жаратқан Ийе, бул балаға қайта-
дан жан бере гөр», – деп жалба-
рынды. [22] Жаратқан Ийе Илиястың

жалбарыныўларын еситти. Баланың
жаны өзине қайтып, ол тирилди.
23 Илияс баланы жоқарғы бөлмеден
алып түсип, анасына берип атырып:
– Қара, балаң тири, – деди.
24 Сонда ҳаял Илиясқа:
– Енди билдим, сиз Қудайдың
адамысыз ҳәм сиз арқалы айтқан
Жаратқан Ийениң сөзи ҳақ, – деди.

### Илияс пенен Обадия

**18** 1 Арадан көп ўақытлар өт-
кеннен соң, қурғақшылық-
тың үшинши жылында Жаратқан
Ийеден Илиясқа: «Патша Ахабтың
алдына барып, өзиңди көрсет. Мен
жерге жаўын жаўдыражақпан», –
деген сөз түсти. 2 Илияс Ахабтың
алдына барыў ушын кетти.

Сол ўақытта Самарияда күшли
ашаршылық ҳүким сүрип турған еди.
3 Сонлықтан Ахаб сарай басқа-
рыўшысы Обадияны шақырды.
Обадия Жаратқан Ийеден қатты
қорқатуғын еди. 4 Изабел Жаратқан
Ийениң пайғамбарларын қырып
таслаған ўақытта, Обадия жүз
пайғамбарды алып кетип, елиў-
елиўден үңгирлерге жасырды да,
оларды нан ҳәм суў менен тәмийин-
леп турған еди. 5 Ахаб Обадияға:
– Үлке бойлап, барлық булақ-
лар менен сайларды көрип шық.
Бәлким, ат ҳәм ғашырларымызды
бағыў ушын бир жерден от-шөп та-
былып, оларды аман сақлап қалар-
мыз, – деди. 6 Олар айланып шығыў
ушын, жерди бөлисип алғаннан соң,
екеўи еки жаққа қарай жолға түсти.
7 Обадия кетип баратырып, жол-
да өзине қарай киятырған Илияс-
ты көрди. Ол Илиясты танып, ет
бетинен жығылып, тәжим етип:
– Мырзам Илияс, бул сизбисиз? –
деди.
8 Илияс оған:
– Аўа, бул мен. Мырзаңа барып:
«Илияс усы жерде», – деп айт, – деди.
9 Бирақ Обадия Илиясқа былай
деди:
– Қулыңыз болған мени өлтириў
ушын Ахабтың қолына тапсырату-
ғындай, мен не гүна иследим? 10 Си-
зиң Қудайыңыз, тири Жаратқан
Ийе ҳақы ант ишемен: тақсырым
сизди излеў ушын адам жиберме-
ген бирде бир халық яки патшалық
қалмады. Ол: «Илияс бул жерде
жоқ», – деген ҳәр бир халық ҳәм
патшалықларға сизди таба алмаға-
ны ҳаққында ант иштирди. 11 Ал сиз
болсаңыз, енди маған өзиңиздиң
усы жерде екенлигиңизди мырзаңа
айт деп атырсыз. 12 Мен сизиң жа-
ныңыздан кетиўден-ақ, Жаратқан
Ийениң Руўхы сизди мен билмей-
туғын бир жерге алып барады. Мен
барып, Ахабқа хабар бергенимде,
ол келип, сизди таппай қалса, мени
өлтиреди. Ал қулыңыз болған мен
балалығымнан Жаратқан Ийеден
қорқып жасап келдим. 13 Изабел
Жаратқан Ийениң пайғамбарларын
қырып таслап атырғанда, мениң не
ислегенимнен, мырзам, сизиң хаба-
рыңыз жоқ па? Мен Жаратқан Ийе-
ниң жүз пайғамбарын елиў-елиўден
үңгирлерге жасырдым, оларды нан
ҳәм суў менен тәмийинлеп турдым.
14 Енди сиз болсаңыз маған: «Мыр-
заңа барып: „Мине, Илияс усы жер-
де“, – деп айт», – дейсиз. Ол мени
өлтиреди-ғо.
15 Илияс Обадияға:
– Мен дәргайында турған Әлем-
ниң Жаратқан Ийесиниң тирилиги

ҳақы ант ишемен: бүгин мен сөзсиз
оған көринемен, – деди.

### Илияс Кармел таўында

16 Обадия Ахабқа барып, оны
ўақыядан хабардар етти. Сонда
Ахаб Илиясты қарсы алыўға кетти.
17 Ахаб Илиясты көргенде:
– Ҳәй, Израилды бәлеге дуўшар
еткен адам, бул сенбисең?! – деди.
18 Илияс оған былай деди:
– Израилды бәлеге дуўшар еткен
мен емес, ал Жаратқан Ийениң буй-
рықларына бойсынбай, Баалдың
мүсинлерине хызмет етип, Изра-
илды бәлеге дуўшар еткен сиз ҳәм
сизиң үй-ишиңиз болады. 19 Енди
барып, хабар жибериң: пүткил Из-
раил халқы, Изабелдиң дастурха-
нынан ишип-жейтуғын Баалдың
төрт жүз елиў пайғамбары ҳәм Аше-
раның төрт жүз пайғамбары Кармел
таўына, мениң жаныма жыйналсын.
20 Ахаб хабар жиберип, пүткил
Израил халқын ҳәм пайғамбар-
ларды Кармел таўына жыйнады.
21 Илияс халықтың алдына шығып:
– Қашанға дейин, еки кемениң ба-
сын услап жүресиз? Егер Жаратқан
Ийени Қудай деп билсеңиз, Оның
изине ериң. Ал егер Баалды Қудай
деп билсеңиз, онда оның изине
ериң, – деди.
Бирақ халық Илиясқа ҳеш қан-
дай жуўап бермеди. 22 Илияс сөзин
даўам етип былай деди:
– Жаратқан Ийениң пайғамбар-
ларынан жалғыз мен қалдым. Ал
Баалдың төрт жүз елиў пайғамбары
бар. 23 Бизлерге еки буға алып ке-
лиң. Биреўин Баалдың пайғамбар-
лары таңлап алып, шалсын ҳәм оны
майдалап отынның үстине қойсын.
Бирақ отынды жақпасын. Ал екин-
ши буғаны мен шалып таярлап,
отынның үстине қояман. Бирақ
отынды жақпайман. 24 Кейин сиз-
лер өз қудайыңыздың атын айтып
шақырың, мен де Жаратқан Ийе-
ниң атын айтып шақыраман. Сонда
кимниң қудайы от арқалы жуўап
берсе, сол – Қудай болады.
Пүткил халық:
– Яқшы, солай болсын, – деп жу-
ўап берди.
25 Илияс Баалдың пайғамбар-
ларына:
– Сизлер көпсиз. Сонлықтан дәс-
леп сизлер буғаның биреўин таңлап
алып, таярлаңлар ҳәм қудайыңыз-
дың атын айтып шақырыңлар. Би-
рақ отынды жақпаңлар, – деди.
26 Олар өзлерине берилген бу-
ғаны алып, таярлағаннан соң,
азаннан түске шекем: «Ҳәй Баал,
бизлерге жуўап бер», – деп Баал-
дың атын айтып шақырды. Бирақ
ҳеш бир даўыс та, жуўап та болма-
ды. Сонда олар өзлери қурған қур-
банлық орын әтирапында секире
баслады. 27 Түс болғанда, Илияс:
– Қатты бақырып, шақырың! Өйт-
кени ол қудай-ғо. Бәлким, ол ойға
шүмип кеткен, ямаса бир нәрсе ме-
нен бәнт шығар, яки сапарда шығар.
Бәлким, уйықлап атырған болып,
оны оятыў керек шығар, – деп олар-
дың үстинен күле баслады.
28 Олар қатты бақырды. Дәстүр-
лери бойынша, өзлерине пышақ
ҳәм найза суғып, қан ағызып, де-
нелерин жарақатлады. 29 Олар түс
аўғаннан баслап, кешки қурбанлық
берилетуғын ўақытқа шекем жин-
лиленип бақыра берди. Бирақ са-
за да, белги де, жуўап та болмады.

[30] Сонда Илияс пүткил халыққа:
– Мениң жаныма келиңлер, – деди.
Пүткил халық Илиястың жаны-
на келди. Ол Жаратқан Ийениң бу-
зылған қурбанлық орнын қайта
тикледи. [31] Илияс Яқыптың улла-
рынан келип шыққан урыўлардың
саны бойынша он еки тас алды. Се-
беби Жаратқан Ийеден Яқыпқа:
«Сениң атың Израил болады», –
деген сөз түскен еди. [32] Илияс бул
таслардан Жаратқан Ийениң атына
арнап қурбанлық орын қурды ҳәм
оның дөгерегине еки сеа[a] дән сыя-
туғын ор қазды. [33] Соңынан отын-
ларды қалады ҳәм буғаны бөлеклеп,
отынның үстине қойды да:
– Төрт гүзе суў әкелип, жандыры-
латуғын қурбанлық пенен отын-
ның үстине қуйыңлар, – деди.
[34] Кейин ол:
– Және солай ислеңлер, – деди.
Олар солай иследи. Кейин және:
– Үшинши рет те солай ислең-
лер, – деди. Олар үшинши рет те
солай иследи. [35] Суў қурбанлық
орынның дөгерегине ағып, ор да
суўға толды.
[36] Кеште, қурбанлық берилету-
ғын ўақытта, Илияс пайғамбар
қурбанлық орынға жақынлап, бы-
лай деп дуўа етти: «Ибрайымның,
Ысақтың ҳәм Израилдың Қудайы
Жаратқан Ийе! Бүгин Израилда
Өзиңниң Қудай екениңди, мениң де
Сениң қулың екенимди ҳәм булар-
дың ҳәммесин Сениң буйрықларың
бойынша ислегенимди билдире гөр!
[37] Жаратқан Ийе, мени еситип, ма-
ған жуўап бер. Бул халыққа Өзиң-
ниң Қудай екениңди ҳәм олардың
жүреклерин қайтадан Өзиңе қара-
тып атырғаныңды билдире гөр!»
[38] Сол ўақытта Жаратқан Ийениң
оты түсти. Түскен от жандырыла-
туғын қурбанлықты, отынды, тас-
ларды ҳәм топырақты жандырып
жиберип, ордағы суўды да жал-
мап кетти.
[39] Пүткил халық буны көрген-
де, ет бетинен жерге жығылып:
«Жаратқан Ийе – Қудай, Жаратқан
Ийе – Қудай!» – деп бақырысты.
[40] Сонда Илияс оларға:
– Баалдың пайғамбарларын услап
алыңлар, ҳеш бири қашып кетпесин! –
деп буйырды. Олар услап алынды.
Илияс оларды Кишон сайына алып
барып, сол жерде өлтирди.

### Қурғақшылықтың тамам болыўы

[41] Буннан кейин, Илияс патша
Ахабқа:
– Барып, ишип-жең. Себеби күш-
ли жаўынның даўысы еситилип
тур, – деди. [42] Ахаб аўқатланыўға
кетти. Илияс Кармел таўының тө-
бесине шықты ҳәм басын еки дизе-
синиң арасына тығып, жерге қарап
отырды. [43] Кейин хызметшисине:
– Барып, теңиз тәрепке қара, – деди.
Хызметшиси барып, теңизге қа-
рады да:
– Ҳеш нәрсе жоқ, – деди.
Илияс хызметшисин жети рет
теңиз тәрепке қарап келиў ушын
жиберди. [44] Жетинши ретте хыз-
метшиси:
– Теңизден үлкенлиги адамның
алақанындай бир булт көтерилип
киятыр, – деди.

---

a **18:32** *Еки сеа* – бир сеа шама менен 7,5 л.

Сонда Илияс:
– Ахабқа барып айт, арбасын же-
гип тез қайтсын, жаўында қалып
қоймасын, – деди.
45 Сол ўақытта, аспанды қалың
булт қаплап, самал ести ҳәм нө-
сер жаўын жаўа баслады. Ахаб ар-
басына минди де, Изреелге кетти.
46 Жаратқан Ийениң қолы Илияс-
тың үстинде болды. Ол белин бек-
кем буўды да, Ахабтың алдына түсип,
Изреелге шекем жуўырып барды.

## Илиястың қашып кетиўи

19 1 Патша Ахаб Илиястың ис-
леген ҳәмме ислерин, барлық
пайғамбарларды қалай қылыштан
өткергенин ханбийке Изабелге ай-
тып берди. 2 Сонда Изабел Илиясқа:
«Ертең анық усындай ўақытқа шекем
сениң пайғамбарларға ислегениң-
ди өзиңе ислемесем, қудайлар мени
жазалаған үстине жазаласын», – деп
хабар жиберди.
3 Илияс буны еситкенде қорқып,
жан сақлаў ушын Яҳудадағы Беер-
Шеба қаласына қашып барып, хыз-
метшисин сол жерде қалдырды.
4 Ал өзи болса, шөлде бир күн жол
жүрди. Ақырында, бир теректиң
астына келип отырды да, өзине
өлим сорап:
– Жаратқан Ийе, жетер енди! Жа-
нымды ал, мениң ата-бабаларым-
нан артық жерим жоқ, – деп дуўа
етти. 5 Соңынан теректиң шақала-
ры астына жатып, уйқыға кетти.
Тосаттан бир периште оны түртип:
– Турып, жеп ал, – деди.
6 Илияс турып қараса, бас бетинде
тасқа қойып писирилген ыссы шөрек
пенен бир гүзе суў турған екен. Ол
ишип-жеп болып, және уйқыға кетти.
7 Жаратқан Ийениң периштеси
екинши рет қайтып келди де, оны
түртип:
– Турып, жеп ал, алдыңда узақ
жол турыпты, – деди. 8 Илияс ту-
рып, ишип-жеди. Сол аўқаттан
күш алған Илияс Қудайдың таўы
болған Хореб таўына шекем қы-
рық күн, қырық түн жол жүрди.
9 Ол сол жердеги бир үңгирге ки-
рип түнеди.

## Жаратқан Ийениң Илиясқа көриниўи

Мине, Жаратқан Ийеден Илияс-
қа сөз түсти. Ол Илиясқа:
– Илияс, бул жерде не қылып
атырсаң? – деп сорады.
10 Илияс Оған:
– Әлемниң Қудайы, Жаратқан
Ийе, мен Саған шын ықлас пенен
хызмет еттим. Бирақ Израил хал-
қы Сениң менен дүзген келисимнен
жүз бурып, қурбанлық орынла-
рыңды бузып таслады ҳәм пайғам-
барларыңды қылыштан өткизди.
Жалғыз мен қалдым, олар өлтириў
ушын мени де излеп атыр, – деп
жуўап берди.
11 Жаратқан Ийе Илиясқа:
– Таўға шығып, көз алдымда тур.
Мен сениң жаныңнан өтемен, – деди.
Жаратқан Ийениң алдында таў-
ларды жарып, жартасларды майда-
лаған қатты ҳәм күшли самал ести.
Бирақ Жаратқан Ийе самал ишин-
де емес еди. Самалдан кейин жер
силкинди, бирақ Жаратқан Ийе
жер силкиниў ишинде де емес еди.
12 Жер силкиниўден кейин, от түс-
ти, бирақ Жаратқан Ийе оттың да
ишинде емес еди. Оттан кейин өл-
пең даўыс еситилди. 13 Илияс бул

даўысты еситкенде, бетин шапа-
ны менен жаўып алды да, сыртқа
шығып, үңгирдиң аўзында турды.
Сол ўақытта бир даўыс:
– Илияс, бул жерде не қылып
атырсаң? – деп сорады.
14 Илияс Оған:
– Әлемниң Құдайы, Жаратқан
Ийе, мен Саған шын ықлас пенен
хызмет еттим. Бирақ Израил хал-
қы Сениң менен дүзген келисимнен
жүз бурып, қурбанлық орынла-
рыңды бузып таслады ҳәм пайғам-
барларыңды қылыштан өткизди.
Жалғыз мен қалдым, олар өлтириў
ушын мени де излеп атыр, – деп
жуўап берди.
15 Сонда Жаратқан Ийе Илиясқа:
– Келген жолың менен изиңе
қайтып, шөл арқалы Дамаскке
бар. Ол жерге барғаныңда, Ха-
заелди майлап, Арамға патша
етип қой, 16 Нимший улы Еҳуды
майлап, Израилға патша етип, ал
абел-мехолалы Шафат улы Эли-
шаны майлап, өзиңниң орныңа
пайғамбар етип қой. 17 Хазаел-
диң қылышынан қашып қутыл-
ғанды Еҳу, Еҳудың қылышынан
қашып қутылғанды Элиша өлти-
реди. 18 Деген менен, Израилда
Баалға тәжим етип, оны сүйме-
ген жети мың адамды тири қал-
дыраман.

### Элишаның шақырылыўы

19 Солай етип, Илияс сол жерден
кетип, Шафат улы Элишаны та-
ўып алды. Ол он еки жуп өгиз бе-
нен жер айдап атырғанлардың он
екиншиси болып жер айдап атыр
екен. Илияс Элишаның жанына
жақынлап, шапанын оның үстине
атып жиберди. 20 Элиша өгизлер-
ди қалдырып, Илиястың изинен
жуўырды ҳәм оған:
– Ата-анамды сүйип, хошласып
қайтыўыма рухсат берсеңиз, со-
ңынан изиңизден жетип аламан, –
деди.
– Илияс Элишаға:
– Яқшы, кете бер, бирақ саған не
қылғанымды умытпа, – деди.
21 Солай етип, Элиша изине қай-
тып барып, бир жуп өгизин сой-
ды. Олардың мойынтырықларын
отын етип жағып, гөшин писирди
ҳәм адамларға тарқатты. Адамлар
да жеди. Кейин Элиша Илиястың
изинен кетти ҳәм оған хызмет ете
баслады.

### Арамлылардың Самарияға ҳүжим етиўи

**20** 1 Арам патшасы Бен-Ҳадад
пүткил әскерлерин жыйна-
ды. Бен-Ҳададқа қараслы отыз еки
патша да атлары ҳәм саўаш арбала-
ры менен оған қосылды. Олар бар-
ды да, Самарияны қоршап алып,
қалаға ҳүжим етти. 2 Бен-Ҳадад
қалаға, Израил патшасы Ахабқа
хабаршылар жиберип, былай деди:
«Бен-Ҳадад былай дейди: 3 „Сениң
гүмис ҳәм алтының, ҳаялларың
ҳәм улларыңның ең жақсылары
меники болады“».
4 Израил патшасы оған: «Тақ-
сыр, сизиң айтқаныңыздай болсын.
Өзим де, мендеги ҳәмме нәрсе де
сизики», – деп жуўап берди.
5 Бен-Ҳададтың елшилери және
қайтып келип, Ахабқа былай деди:
«Бен-Ҳадад былай дейди: „Саған гү-
мис ҳәм алтыныңды, ҳаялларыңды
ҳәм улларыңды маған бересең деп

хабар жиберген едим. 6 Енди ертең
усы ўақытта сениң сарайыңды ҳәм
хызметшилериңниң үйин тинтиў
ушын адамларымды жиберемен.
Олар саған қәдирли болған ҳәмме
нәрсени алып кетеди“».
7 Сонда Израил патшасы елде-
ги барлық ақсақалларды жыйнап,
оларға:
– Ойлап көриңлер, бул адам қан-
дай жаманлық ойлап қойыпты? Ол
меннен ҳаялларымды, улларым-
ды, гүмис ҳәм алтынымды талап
еткенде, мен қарсылық билдир-
медим, – деди.
8 Сонда ақсақаллар да, халық та
патшаға:
– Оған қулақ салмаң, ыразы да
болмаң, – деди.
9 Солай етип, Ахаб Бен-Ҳададтың
елшилерине: «Тақсырға дәслеп-
ки тилегин орынлайтуғынымды,
бирақ кейингисине ыразы емес-
лигимди айтып барыңлар», – де-
ди. Елшилер барып, Бен-Ҳададқа
жуўапты жеткизди.
10 Сонда Бен-Ҳадад Ахабқа хабар-
шыларын жиберип: «Самарияда
изиме ерген әскерлердиң уўысын
толтырғандай топырақ қалдырсам,
қудайлар мени жазалаған үстине
жазаласын», – деди.
11 Израил патшасы оған былай
деп жуўап берди: «Патшаңызға ба-
рып айтың, саўытын кийип атырып
емес, ал шешип атырып мақтан-
сын».
12 Шатырда өзине қараслы пат-
шалар менен бирге шарап ишип
отырған Бен-Ҳадад буны еситкен-
де, адамларына: «Ҳүжимге таярла-
ның», – деп буйырды. Олар қалаға
ҳүжим қылыўға таяр турды.

## Ахабтың Бен-Ҳадад үстинен жеңиске ерисиўи

13 Сол ўақытта бир пайғамбар
Израил патшасы Ахабқа келип бы-
лай деди:
– Жаратқан Ийе былай дейди: «Мы-
на үлкен әскерлер топарын көрип
турсаң ба? Бүгин оны саған тәслим
етемен! Сонда сен Мениң Жаратқан
Ийе екенимди билип аласаң!»
14 Ахаб пайғамбардан:
– Ким арқалы? – деп сорады.
Пайғамбар оған:
– Жаратқан Ийе былай дейди:
«Ўәлаят ҳәкимлериниң жас жа-
ўынгерлери арқалы», – деп жу-
ўап берди.
Ахаб оннан:
– Саўашты ким баслайды? – деп
сорады.
Пайғамбар Ахабқа:
– Сиз баслайсыз, – деп жуўап бер-
ди. 15 Ахаб ўәлаят ҳәкимлериниң
жас жаўынгерлерин шақырып са-
нады. Олар еки жүз отыз еди. Со-
ңынан пүткил халықты, Израил
әскерлерин санады. Олар жети мың
адам еди. 16 Түсте, Бен-Ҳадад өзи-
не жәрдем берип атырған отыз еки
патша менен бирге шатырда ўақ-
ты хошлық етип атырған ўақытта,
израиллылар ҳүжимди баслады.
17 Дәслеп ўәлаят ҳәкимлериниң жас
жаўынгерлери саўашқа шықты. Бен-
Ҳадад жиберген тыңшылар оған:
– Самариядан адамлар шығып
киятыр, – деп хабарлады.
18 Бен-Ҳадад:
– Олар келисим дүзиў ушын кия-
тырған болса да, урысыў ушын
киятырған болса да, тирилей ус-
лап алыңлар, – деди.

19 Дәслеп ўәлаят ҳәкимлериниң
жас жаўынгерлери, олардың изи-
нен басқа әскерлер қаладан шықты.
20 Олардың ҳәр бири өз қарсыласын
өлтирди, арамлылар қаша баслады
ҳәм израиллылар олардың изинен
қуўып кетти. Арам патшасы Бен-
Ҳадад та атына минип, атлыла-
ры менен бирге қашып қутылды.
21 Израил патшасы қаладан шығып,
атлар менен саўаш арбаларына ҳү-
жим жасады ҳәм арамлыларды үл-
кен қырғынға ушыратты.

22 Буннан кейин, пайғамбар ке-
лип, Израил патшасына:

– Барып, күшиңизди жыйнаң ҳәм
не ислейтуғыныңызды билип алың.
Себеби келеси жылы бәҳәрде Арам
патшасы сизге және ҳүжим қыла-
ды, – деди.

### Арамлылардың екинши ҳүжими

23 Арам патшасының хызметкер-
лери оған былай деди:

– Израилдың қудайы – таўлар
Қудайы. Сонлықтан олар бизлерди
жеңди. Егер олар менен тегислик-
те урыссақ, бизлер оларды сөзсиз
жеңемиз. 24 Енди қол астыңыздағы
патшалардың ҳәммесин орынлары-
нан алып таслап, орынларына сәр-
кәрдаларды тайынлаң. 25 Қолдан
кеткен ат орнына ат, арба орнына
арба топлап, бурынғыдай әскер
жыйнаң. Кейин израиллылар ме-
нен тегисликте саўаш жүргиземиз
ҳәм сөзсиз оларды жеңемиз.

Бен-Ҳадад оларға қулақ салып,
солай иследи.

26 Келеси жылы бәҳәрде Бен-Ҳа-
дад арамлыларды жыйнап, Израил
менен урысыў ушын Афек қаласына
кетти. 27 Израиллылар да жыйна-
лып, азық-аўқатын алды да, олар
менен урысыў ушын жолға шықты
ҳәм олардың қарсысына орда қурды.
Үлкени толтырған арамлылардың
алдында израиллылар кишкене еки
ешки сүриўи сыяқлы еди.

28 Қудайдың адамы Израил патша-
сының жанына келип былай деди:

– Жаратқан Ийе былай дейди:
«Арамлылар Жаратқан Ийе те-
гисликлердиң емес, ал таўлардың
Қудайы дегени ушын, усы үлкен
әскерлер топарын саған тәслим
етемен. Сонда Мениң Жаратқан
Ийе екенимди билип аласызлар».

29 Бир-бирине қарсы орда қурған
арамлылар менен израиллылар же-
ти күн турды. Жетинши күни саўаш
басланды. Бир күнде израиллылар
арамлылардың жүз мың пияда әске-
рин өлтирди. 30 Қалғанлары Афек-
ке, қаланың ишине қашты. Ол жерде
қалған жигирма жети мың адамның
үстине қаланың дийўалы қулады.

Бен-Ҳадад та қаланың ишине қа-
шып барып, ишки бир бөлмеге ки-
рип алды. 31 Сонда хызметшилери
Бен-Ҳададқа:

– Еситиўимизше, Израил патша-
лары реҳимли патшалар қусай-
ды. Енди үстимизге аза кийимин
кийип, мойнымызға арқан салып,
Израил патшасының алдына бара-
йық. Бәлким, ол бир қасық қаны-
ңыздан кешер, – деди.

32 Олар үстине аза кийимин ки-
йип, мойынларына арқан салды
ҳәм Израил патшасының алды-
на келип:

– Қулыңыз Бен-Ҳадад бир қасық
қанынан кешиўиңизди сорап жал-
барынады, – деди.

Ахаб:
– Бен-Ҳадад еле тири ме? Ол ме-
ниң әжағам-ғо, – деди.
33 Бен-Ҳададтың хызметшилери
буны жақсылыққа жорып, патша-
ның аўзындағы сөзди қағып ал-
ды да:
– Бен-Ҳадад сизиң әжағаңыз! –
деди.
Патша:
– Барып, оны алып келиңлер, –
деп буйырды.
Бен-Ҳадад келгенде, патша оны
өз саўаш арбасына мингизди.
34 Бен-Ҳадад Ахабқа:
– Әкемниң сизиң әкеңизден тар-
тып алған қалаларын қайтып бере-
мен. Әкемниң Самарияда базарлар
қурғаны сыяқлы, сиз де Дамаскте
базарлар қурасыз, – деди.
Ахаб оған:
– Келисим дүзгеннен соң, сени
босатып жиберемен, – деди. Со-
ңынан оның менен келисим дүзди
де, босатып жиберди.

## Бир пайғамбардың Ахабқа қарсы сөйлеўи

35 Сол арада пайғамбарлар то-
парындағылардан бири Жаратқан
Ийениң сөзи бойынша жолдасына:
– Өтинемен, мени ур, – деди.
Бирақ ол жолдасын урыўды қә-
лемеди.
36 Сонда пайғамбар жолдасына:
– Жаратқан Ийениң буйрығын
орынламағаның ушын, жанымнан
кетиўден-ақ, сени бир арыслан өлти-
реди, – деди. Сол адам пайғамбардың
қасынан кетиўден-ақ, бир арыслан-
ға дус келип, арыслан оны өлтирди.
37 Соңынан пайғамбар басқа бир
адамға келип:
– Өтинемен, мени ур, – деди.
Сол адам оны урып, жарадар етти.
38 Пайғамбар кетти ҳәм өзин та-
нытпаў ушын көзин жапқыш пе-
нен жаўып, жол бойында патшаны
күте баслады. 39 Патша сол жерден
өтип баратырғанда, пайғамбар ба-
қырып, оған былай деди:
– Қулыңыз болған мен урысқа
барған едим. Сонда бир әскер ар-
ман барды да, бир тутқынды маған
әкелип: «Мына адамға қарап тур.
Егер қашып кетсе, оның орнына
өзиңниң жаның алынады ямаса
бир талант гүмис бересең», – де-
ди. 40 Бирақ мен анаў-мынаў ме-
нен бәнт болғанымда, ол қашып
кетипти.
Израил патшасы оған:
– Өзиңе өзиң ҳүким шығарып
турсаң-ғо. Сениң жазаң сол бола-
ды, – деди.
41 Сол ўақытта пайғамбар дәр-
риў бетиндеги жапқышты алып
таслады. Сонда патша оның пай-
ғамбарлардан бири екенин билди.
42 Пайғамбар патшаға былай деди:
– Жаратқан Ийе былай дей-
ди: «Мен жоқ қылыўды буйыр-
ған адамды өз қолыңнан босатып
жибергениң ушын, оның орнына
өзиңниң жаның алынады. Ал оның
халқының басына түсетуғын апат
сениң халқыңның басына түседи».
43 Израил патшасы қапа болып,
тынышсызланған ҳалда Самария-
дағы сарайына келди.

## Наботтың бағы

21 1 Арадан бираз ўақыт өтип,
мынадай ўақыя жүз берди:
Изреелде, Самария патшасы Ахаб-
тың сарайының жанында изреелли

Наботтың бир жүзим бағы бар еди.
2 Бир күни Ахаб Наботқа:
– Жүзим бағыңды маған бер. Ол
мениң сарайыма жақын болғаны
ушын, оның орнына палыз егинле-
рин өсирейин. Бағыңның орнына
басқа жақсырақ бағ беремен. Егер
қәлесең, бағыңның баҳасын гүмис
пенен төлеймен, – деди.
3 Бирақ Набот Ахабқа:
– Ата-бабаларымнан қалған
мийрасты сизге бериўден мени
Жаратқан Ийениң Өзи сақласын! –
деди.
4 Изреелли Наботтың: «Ата-баба-
ларымнан қалған мийрасты сизге
бермеймен», – деген сөзине қатты
ашыўланған Ахаб үйине тунжы-
райып келди. Ол төсегине кирип,
жүзин терис қаратып жатып алды
ҳәм дуз татпады. 5 Ҳаялы Изабел
оның жанына келип:
– Неге руўхыңыз түскен? Неге аў-
қат жемей атырсыз? – деди. 6 Ахаб
ҳаялына:
– Мен изреелли Наботқа: «Жүзим
бағыңды маған гүмиске сат, егер
қәлесең, оның орнына саған басқа
бир бағ берейин», – дегенимде, ол
маған: «Жүзим бағымды саған бер-
меймен», – деп жуўап берди, – деди.
7 Ҳаялы Изабел Ахабқа:
– Сиз Израилдың патшасына сай
ис тутып атырсыз ба? Орныңыздан
турып, нан жеп алың да, тыныш-
ланың. Изреелли Наботтың бағын
сизге өзим алып беремен, – деди.
8 Изабел Ахабтың атынан хат жа-
зып, оны Ахабтың мөри менен тас-
тыйықлады. Соң бул хатты Набот
жасайтуғын қаланың ақсақалла-
ры менен ақсүйеклерине жиберди.
9 Хатта былай деп жазылған еди:
«Ораза тутыўды жәриялап, На-
ботты халық арасындағы сыйлы
орынға отырғызыңлар. 10 Оның
алдына: „Ҳәй Набот, сен Қудайға
ҳәм патшаға тил тийгиздиң“, – деп
гүўалық беретуғын еки жалахор
адамды отырғызыңлар. Соңынан
оны сыртқа алып шығып, тас бо-
ран қылып өлтириңлер».
11 Набот жасайтуғын қаланың ақ-
сақаллары менен ақсүйеклери Иза-
белдиң хат арқалы өзлерине жазған
буйрығын орынлады. 12 Олар ораза
жәрия етип, Наботты халық ара-
сындағы сыйлы орынға отырғыз-
ды. 13 Соңынан еки жарамас адам
келип, Наботтың қарсы алдына
отырды ҳәм халықтың алдында:
«Набот Қудайға ҳәм патшаға тил
тийгизди», – деп гүўалық берди.
Сонда Наботты қаланың сыртына
алып шығып, тас боран қылып өл-
тирди. 14 Кейин Изабелге: «Набот
тас боран қылып өлтирилди», – деп
хабар жиберди. 15 Изабел Набот-
тың тас боран қылып өлтирил-
генин еситиўден, дәрриў Ахабқа:
– Барып, сизге гүмиске сатқысы
келмеген изреелли Наботтың жү-
зим бағына ийелик етиң. Себеби
ол енди жоқ, өлди, – деди. 16 Ахаб
изреелли Наботтың өлтирилгенин
еситe сала, оның бағын мүлик етип
алыў ушын сол жерге кетти.
17 Сол ўақытта Жаратқан Ийе-
ден тишбели Илияс пайғамбарға
мынадай сөз түсти:
18 – Самариядағы Израил пат-
шасы Ахабты көриўге бар. Ҳәзир
ол Наботтың жүзим бағында, оны
ийелеп алыў ушын сол жерге кел-
ди. 19 Оған мына сөзлерди жеткиз:
«Жаратқан Ийе былай дейди: Сен

оны өлтирип, мүлкин де ийелеп
алдың ба?» Және былай деп айт:
«Жаратқан Ийе былай дейди: Ийт-
лер Наботтың қанын жалаған жер-
де, сениң қаныңды да жалайды».
20 Ахаб Илиясқа:
– Ҳәй, душпаным, мени таўып
келдиң бе? – деди.
Илияс оған былай деди:
– Аўа, таўып келдим. Өйткени
сиз Жаратқан Ийениң нәзерин-
де жаўыз болған іслерди ислеўге
берилип кеткенсиз. 21 Сол себепли
Жаратқан Ийе былай дейди: «Сени
апатқа ушыратып, күлиңди көкке
суўыраман. Израилда Ахабтың нә-
силинен болған пүткил еркек за-
тын: ол қул болсын, азат болсын,
ҳәммесин қырып таслайман. 22 Из-
раилды гүнаға баслап, Мениң ғә-
зебимди келтиргениң ушын, сениң
үй-ишиңди Набат улы Яробам ҳәм
Ахия улы Баашаның үй-иши сыяқ-
лы қыламан». 23 Және де, Жаратқан
Ийе Изабел ҳаққында былай дей-
ди: «Изабел Изреел қаласының
дийўаллары ишинде ийтлерге жем
болады. 24 Ахабтың нәсилинен қа-
лада өлгенлери ийтлерге, далада
өлгенлери көктеги қусларға жем
болады».
25 Ахабтай болып, Жаратқан
Ийениң нәзеринде жаўыз болған
ислерди ислеўге буншелли берил-
ген адам болмады. Ҳаялы Изабел
оны ийтермелеп туратуғын еди.
26 Ахаб Жаратқан Ийе Израил хал-
қы алдынан қуўып жиберген амор-
ларға уқсап, бутларға табынып,
жүдә жеркенишли ислерди иследи.
27 Ахаб бул сөзлерди еситкен-
де, кийимлерин жыртып, аза ки-
йимлерин кийди. Ораза тутты, аза
кийими менен уйықлады ҳәм қай-
ғырып жүрди.
28 Сонда Жаратқан Ийеден тиш-
бели Илияс пайғамбарға мынадай
сөз түсти:
29 – Ахабтың Мениң алдым-
да қандай бойсыныўшаң болып
қалғанын көрдиң бе? Ол Маған
бойсынғаны ушын, Өзим айтқан
бәлелерди оның ўақтында емес, ал
улының ўақтында оның үй-иши-
ниң басына жаўдыраман.

## Пайғамбар Миханың Ахабты ескертиўи

22 1 Үш жыл даўамында Арам
ҳәм Израил арасында урыс
болмады. 2 Үшинши жылы Яҳуда
патшасы Еҳошафат Израил патша-
сын көриўге барды. 3 Израил пат-
шасы Ахаб хызметшилерине:
– Гиладтағы Рамоттың бизлерге
тийисли екенин билмейсизлер ме?
Бизлер болсақ, оны Арам патша-
сынан қайтарып алыў ушын ҳеш
нәрсе қылмадық, – деди. 4 Соңы-
нан Еҳошафаттан:
– Гиладтағы Рамотқа қарсы уры-
сыў ушын мениң менен бирге ба-
расыз ба? – деп сорады.
Еҳошафат Израил патшасына:
– Мени өзиңиздей, халқымды
халқыңыздай, атларымды атла-
рыңыздай көриң, – деп жуўап бер-
ди. 5 Соңынан Еҳошафат:
– Дәслеп Жаратқан Ийениң не
дейтуғынын билип алайық, – де-
ди. 6 Сонда Израил патшасы төрт
жүзге жақын пайғамбарды топ-
лап, оларға:
– Гиладтағы Рамотқа қарсы уры-
сыў ушын барайын ба ямаса бар-
майын ба? – деп сорады.

Олар:
– Барың, Ийемиз қаланы сизге
тәслим етеди, – деп жуўап берди.
7 Бирақ Еҳошафат:
– Бул жерде булардан басқа
Жаратқан Ийениң пайғамбары
бар ма? Оннан да сорайық, – деди.
8 Израил патшасы Еҳошафатқа:
– Жаратқан Ийениң еркин сора-
ғандай, және бир пайғамбар бар.
Ол Имла улы Миха. Бирақ мен оны
жаман көремен. Себеби ол мен туў-
ралы ҳеш жақсы пайғамбаршылық
айтпайды, тек жаман пайғамбар-
шылық айтады, – деп жуўап берди.
Еҳошафат патшаға:
– Патша, булай демеңиз, – деди.
9 Сонда Израил патшасы бир хыз-
меткерди шақырып, оған:
– Имла улы Миханы тез алып
кел, – деп буйырды.
10 Израил патшасы Ахаб ҳәм Яҳу-
да патшасы Еҳошафат патшалық
кийимлерин кийип, Самарияның
дәрўазасының кирер аўзындағы май-
данда, ҳәр бири өз тахтында отырған
еди. Барлық пайғамбарлар олардың
алдында пайғамбаршылық етип
атырған еди. 11 Кенаана улы Седе-
кия өзине темирден шақлар ислеп:
– Жаратқан Ийе былай дейди:
«Арамлыларды қырып таўыспа-
ғанша, усы шақлар менен сүзе бе-
ресиз», – деди.
12 Басқа пайғамбарлардың ҳәм-
меси де:
– Гиладтағы Рамотқа ҳүжим
етиң, жеңиске ерисесиз. Себеби
Жаратқан Ийе оларды сизге тәс-
лим етеди, – деп, анық сол сөзди
қайталады.
13 Миханы шақырыў ушын кет-
кен хызметкер оған барып:
– Мине, пайғамбарлардың ҳәм-
меси бир аўыздан патшаға жақсы
болжаўларды айтып атыр. Сизиң
сөзиңиз де олардики менен бирдей
болсын, сиз де жақсы болжаў ай-
тың, – деди.
14 Бирақ Миха оған:
– Тири Жаратқан Ийе ҳақы ант
ишемен: Жаратқан Ийе маған не де-
се, соны айтаман, – деп жуўап берди.
15 Миха патшаға келди. Патша
Михадан:
– Миха, бизлер Гиладтағы Рамот-
қа қарсы урысыў ушын барайық па
ямаса бармайық па? – деп сорады.
Миха патшаға:
– Бара бериңлер, жеңесизлер. Се-
беби Жаратқан Ийе оны сизге тәс-
лим етеди, – деп жуўап берди.
16 Деген менен, патша Михаға:
– Жаратқан Ийениң аты менен
тек ҳақыйқатты айтыўың ушын,
саған неше мәрте ант ишкизиўим
керек? – деди.
17 Сонда Миха патшаға былай
деди:
– Маған пүткил израиллылар таў-
лар үстинде жайылып жүрген шо-
пансыз қойлар сыяқлы көринип тур.
Сонда Жаратқан Ийе маған: «Бу-
лардың хожайыны жоқ. Ҳәр бири
аман-есен үйине қайтсын», – деди.
18 Израил патшасы Еҳошафатқа:
– Буның мен туўралы жақсы емес,
ал тек жаман пайғамбаршылық
айтатуғынын сизге айтқан жоқ па
едим? – деди.
19 Миха патшаға былай деди:
– Онда Жаратқан Ийениң сөзин
тыңлаң. Мен Жаратқан Ийениң Өз
тахтында отырғанын, пүткил ас-
пан барлықларының Оның оң ҳәм
шеп тәрепинде турғанын көрдим.

[20] Сонда Жаратқан Ийе: «Гиладта-
ғы Рамотқа барып, сол жерде өлиўи
ушын, Ахабты ким көндире ала-
ды?» – деп сорады. Биреўи анаў,
биреўи мынаў деп турғанда, [21] бир
руўх алдыға шықты да, Жаратқан
Ийениң алдында турып: «Мен көн-
дире аламан», – деди. Жаратқан
Ийе оннан: «Қалай?» – деп сорады.
[22] Сол руўх: «Мен жалған руўхқа
айланып, Ахабтың барлық пайғам-
барларына жалған сөйлетемен», –
деп жуўап берди. Жаратқан Ийе
оған: «Сен оны көндирип, буны ис-
лейсең. Барып, солай исле», – деди.
[23] Мине, ҳәзир Жаратқан Ийе сизиң
сол пайғамбарларыңыздың ҳәмме-
синиң аўзына жалған руўхты салып
қойған. Өйткени Жаратқан Ийе
сизге жаманлық ислеўге қарар етти.
[24] Кенаана улы Седекия Михаға
жақынлап, оның бетине шапалақ
пенен урып жиберди де:
– Жаратқан Ийениң Руўхы сениң
менен сөйлесиў ушын, меннен шы-
ғып кеткен бе екен? – деди.
[25] Миха оған:
– Буны сен жасырыныў ушын иш-
ки бөлмеге тығылған ўақтыңда кө-
ресең, – деди.
[26] Сонда Израил патшасы бы-
лай деди:
– Миханы қала ҳәкими Амон ме-
нен патшаның улы Иоашқа қайтып
алып барың. [27] Оларға мениң мына
сөзимди жеткизиң: «Мен аман-есен
қайтып келгенимше, бул адамды
қамақханаға қамап қойып, нан ме-
нен суўдан басқа ҳеш нәрсе бер-
месин».
[28] Миха патшаға:
– Егер аман-есен қайтып келсеңиз,
онда Жаратқан Ийе мениң аўзым
арқалы сөйлемеген болады, – де-
ди, соңынан халыққа:
– Ҳәммеңиз буны еситип қойың-
лар, – деди.

### Ахабтың өлими

[29] Израил патшасы Ахаб ҳәм Яҳу-
да патшасы Еҳошафат Гиладтағы
Рамотқа ҳүжим жасаў ушын жол-
ға шықты. [30] Израил патшасы Еҳо-
шафатқа:
– Мен патшалық кийимлерин
киймей, урысқа шығаман, ал сиз
патшалық кийимлериңизди кийип
шығың, – деди. Солай етип, Изра-
ил патшасы кийимлерин өзгертип,
саўашқа шықты.
[31] Арам патшасы өз саўаш арба-
ларының отыз еки әскербасысына:
– Кишкенеси менен де, үлкени
менен де урысып отырмай, тек Из-
раил патшасы менен урысқа кири-
сиң, – деп буйырды.
[32] Саўаш арбаларының әскербасы-
лары Еҳошафатты көргенде: «Изра-
ил патшасы усы болса керек», – деп
ойлап, оған қарай бас салды. Еҳо-
шафат бақырып жибергенде, [33] са-
ўаш арбаларының әскербасылары
оның Израил патшасы емеслигин
аңғарып, изге қайтты. [34] Бирақ бир
адам тосаттан оқ жайын атып жи-
берип, Израил патшасын жарадар
етти. Оқ саўыттың қосылған жери-
нен кирген еди. Патша арбакешине:
– Изге айланып, мени саўаш май-
данынан алып шық, мен жарақат-
ландым, – деди.
[35] Сол күни ғыжлаған саўаш бол-
ды. Патша өзиниң саўаш арбасы
менен тығылыста қалып, арам-
лыларға қарап турды ҳәм кеште
жан тапсырды. Оның саўаш арбасы

жараланған жеринен аққан қанға
былғанды. 36 Күн бата Израил орда-
сы ишинде: «Ҳәр ким өз қаласына,
өз жерине қайтсын!» – деп жар са-
лынды. 37 Патша өлди. Оны Сама-
рияға әкелип, сол жерде жерледи.
38 Арбаны Самариядағы бузық-
лар жуўынатуғын ҳәўизге жуўды.
Жаратқан Ийениң айтқанындай,
ийтлер оның қанын жалады.

39 Ахабтың басқа ислери, ол ис-
леген барлық ислер, оның пил сү-
йегинен қаплаған сарайы ҳәм ол
қурдырған барлық қалалар ҳақ-
қында Израил патшаларының
жылнама китабында жазылған.
40 Ахаб өлип, ата-бабаларына қо-
сылды. Оның орнына баласы Аха-
зия патша болды.

### Яҳуда патшасы Еҳошафат

41 Израил патшасы Ахабтың пат-
шалығының төртинши жылында
Аса улы Еҳошафат Яҳудаға пат-
ша болған еди. 42 Еҳошафат отыз
бес жасында патша болып, Еруса-
лимде жигирма бес жыл патшалық
етти. Оның анасының аты Азуба
болып, ол Шилхийдиң қызы еди.
43 Еҳошафат әкеси Асаның жолы-
нан жүрип, сол жолдан шықпай,
Жаратқан Ийениң нәзеринде туў-
ры болған ислерди иследи. Бирақ
сыйыныў орынлары жоқ қылын-
бады ҳәм халық еле сол орынларда
қурбанлықлар берип, түтеткилер
түтететуғын еди. 44 Еҳошафат Из-
раил патшасы менен тынышлық
келисимин дүзди.

45 Еҳошафаттың басқа ислери,
ол ислеген қаҳарманлықлар ҳәм
жүргизген саўашлары Яҳуда пат-
шаларының жылнама китабында
жазылған. 46 Еҳошафат әкеси Аса-
ның ўақтынан қалған сыйыныў
орынларындағы бузықшылық ис-
леўши еркеклерди жер бетинен жоқ
қылды. 47 Сол ўақытлары Эдомда
патша жоқ еди, елди Яҳуда пат-
шасы қойған ҳәким басқаратуғын
еди. 48 Еҳошафат Офирден алтын
алып келиў ушын, үлкен саўда ке-
мелерин соқтырды. Бирақ кемелер
Эсион-Геберден шықпай атырып-
ақ апатқа ушырап, Офирге кете ал-
мады. 49 Сол ўақытта Ахабтың улы
Ахазия Еҳошафатқа: «Мениң адам-
ларым кемеде сизиң адамларыңыз
бенен бирге барсын», – деген еди.
Бирақ Еҳошафат буған келисим
бермеген еди.

50 Еҳошафат өлип, ата-бабала-
рына қосылды ҳәм бабасы Даўыт-
тың қаласына, ата-бабаларының
жанына жерленди. Оның орнына
улы Еҳорам патша болды.

### Израил патшасы Ахазия

51 Яҳуда патшасы Еҳошафат-
тың патшалығының он жетинши
жылында Ахаб улы Ахазия Сама-
рияда Израилға патша болды. Ол
еки жыл патшалық етти. 52 Аха-
зия Жаратқан Ийениң нәзерин-
де жаўыз болған ислерди иследи.
Ол ата-анасының ҳәм Израилды
гүнаға батырған Набат улы Яро-
бамның жолынан жүрди. 53 Аха-
зия әкеси сыяқлы Баалға хызмет
етип, оған табынды ҳәм Израил-
дың Қудайы Жаратқан Ийениң
ғәзебин келтирди.

# Патшалар туўралы төртинши китап

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Бул китапта ғәрезсиз еки патшалық – Яҳуда ҳәм Израил патшалықларының тарийхының даўамы сөз етиледи. Ҳүкимдарлық қылған патшалардың табыслары олардың сиясий ямаса экономикалық утыслары менен емес, ал Қудайға болған садықлығы менен баҳаланатуғын еди. Бул китапта ҳәм Патшалар туўралы үшинши китапта Яҳуда менен Израилдың тарийхындағы итибарға ылайықлы баслы ўақыялар ҳәм адамлар сөз етиледи.

Бундағы мақсет – тарийхта төменлеген еки патшалықтың тәғдири ҳаққында гүрриң етиў арқалы китап оқыўшыға әдеп-икрамлық туўрысында сабақ бериў еди.

Бул еки патшалықтың турғынлары пайғамбарға қулақ салмай, Қудайдан жүз бурғаны ушын душпанлардан жеңилип, өз елләринен сүргинге алып кетиледи.

Китап тийкарынан еки бөлимнен ибарат. Биринши бөлим (1–17 баплар) б. э. ш. 722-жылға дейин еки патшалықта жүз берген ўақыяларды өз ишине алады. Ассирия патшалығы Израилды, яғный арқа патшалықты басып алып, пайтахты Самарияны жоқ қылады. Тек ғана Яҳуда, яғный қубла патшалық қалады.

Китаптың екинши бөлими (18–25 баплар) Яҳуда патшалығында б. э. ш. 586-жылға дейин жүз берген ўақыялардан ибарат. Бабилония патшасы Набуходоносор Яҳуда елин басып алады. Пайтахты Ерусалим толығы менен ўайран етилип, Яҳуда ҳәм Ерусалим турғынларының көбиси Бабилонға сүргин етиледи. Ерусалимниң қулаўы Израил тарийхында ең қорқынышлы ўақыялардың бири болып қалады. Деген менен, китаптың ақырында көринип турғанындай, Қудай қулақсыз халқынан Өз мийримин аямайды. Ол Даўытқа берген ўәдесинде турып, оның урпағын сақлап қалады. Яҳуда патшасы Еҳоякин, яғный Ехония Бабилон тутқынлығынан азат болады ҳәм өмири бойы Бабилония патшасының дастурханынан аўқат жейди. Китап Яҳуда халқының келешегине үмит барлығын көрсетиў менен тамамланады (25:27-30).

## Жаратқан Ийениң патша Ахазияны жазалаўы

**1** 1 Израил патшасы Ахабтың өли-
минен соң, моаблылар Израилға
қарсы бас көтерди.
2 Израил патшасы Ахазия Сама-
риядағы сарайының жоқарғы бөл-
месиниң балконынан жығылып,
жарақатланды. Сонда ол адамла-
рын жиберип, оларға: «Филистлер-
диң Экрон қаласындағы қудайы
Баал-Зебубқа барып, оннан мениң
тәўир болатуғын яки болмайтуғы-
нымды сорап билиңлер», – деди.
3 Бирақ Жаратқан Ийениң пе-
риштеси тишбели Илиясқа бы-
лай деди:
– Барып, Самария патшасы жи-
берген адамлардың алдынан шы-
ғып, оларға былай деп айт: «Экрон
қудайы Баал-Зебубтан сораў ушын
баратуғындай, Израилда Қудай
жоқ па еди? 4 Сонлықтан Жаратқан
Ийе патшаңызға былай дейди:
„Жатқан төсегиңнен турмай, сөз-
сиз өлесең“».
Солай етип, Илияс тапсырманы
орынлаў ушын кетти.
5 Адамлар патшаның жанына
қайтып келди. Патша олардан:
– Неге бунша тез қайтып келдиң-
лер? – деп сорады.
6 Олар патшаға былай деп жу-
ўап берди:
– Бир адам алдымыздан шығып,
бизлерге былай деди: «Өзлери-
ңизди жиберген патшаға қайтып
барып, оған былай деп айтыңлар:
„Жаратқан Ийе былай дейди: Эк-
рон қудайы Баал-Зебубтан сораў
ушын адамларыңды жиберетуғын-
дай, Израилда Қудай жоқ па еди?
Усы исиң ушын жатқан төсегиңнен
турмай, сөзсиз өлесең“».
7 Патша өзи жиберген адамлардан:
– Сизлерди қарсы алып, усы сөз-
лерди айтқан адамның түр-түси
қандай еди? – деп сорады. 8 Олар
патшаға:
– Ол жүннен тоқылған шапан ки-
йип, белине тери қайыс байлаған
еди, – деп жуўап берди.
Патша:
– Бул тишбели Илияс, – деди.
9 Патша бир елиўбасыны елиў
әскери менен бирге Илиясты алып
келиўге жиберди. Елиўбасы бир тө-
бешиктиң басында отырған Или-
ястың жанына барып, оған:
– Ҳәй, Қудайдың адамы, патша
сени төменге түссин, – деп атыр, –
деди.
10 Бирақ Илияс елиўбасыға:
– Егер мен Қудайдың адамы бол-
сам, онда аспаннан от түсип, сени
ҳәм елиў адамыңды жалмап кет-
син, – деп жуўап берди. Сонда ас-
паннан от түсип, елиўбасыны ҳәм
оның елиў адамын жалмап кетти.
11 Кейин патша басқа бир елиў-
басыны елиў әскери менен Или-
ясқа жиберди. Елиўбасы Илиясқа:
– Ҳәй, Қудайдың адамы, патша са-
ған: «Тез төменге түс», – деп атыр, –
деди.
12 Илияс оған:
– Егер мен Қудайдың адамы бол-
сам, онда аспаннан от түсип, се-
ни ҳәм елиў адамыңды жалмап
кетсин, – деп жуўап берди. Сон-
да аспаннан Қудайдың оты түсип,
елиўбасыны ҳәм оның елиў ада-
мын жалмап кетти.
13 Патша үшинши рет бир елиўба-
сыны елиў адамы менен Илиясқа

жиберди. Бул елиўбасы төбеге шы-
ғып, Илиястың алдында диз шөк-
ти ҳәм жалбарынып былай деди:
– Қудайдың адамы, мениң ҳәм
мына елиў қулыңның жанына ре-
ҳимиңиз келсин. 14 Аспаннан от
түсип, меннен алдын келген еки
елиўбасыны ҳәм олардың ҳәр би-
риниң елиў адамын жалмап кеткен
еди. Енди мениң жаныма реҳими-
ңиз келсин.
15 Сонда Жаратқан Ийениң пе-
риштеси Илиясқа:
– Оның менен бирге төменге түс,
оннан қорқпа, – деди. Илияс орны-
нан турып, елиўбасы менен бирге
патшаға кетти. 16 Илияс патшаға
былай деди:
– Жаратқан Ийе былай дейди:
«Экронның қудайы Баал-Зебубтан
сораў ушын адамларыңды жибе-
ретуғындай, Израилда Қудай жоқ
па еди? Усылай ислегениң ушын
жатқан төсегиңнен турмай, сөз-
сиз өлесең».
17 Жаратқан Ийениң Илияс арқа-
лы айтқан сөзи бойынша, Ахазия
өлди. Ахазияның улы болмаған-
лықтан, оның орнына иниси Ио-
рам патша болды. Бул ўақыя Яҳуда
патшасы Еҳошафат улы Еҳорамның
патшалығының екинши жылын-
да болды.
18 Ахазия ислеген басқа ислер
Израил патшаларының жылнама
китабында жазылған.

### Илиястың аспанға алыныўы

**2** 1 Жаратқан Ийе Илиясты қу-
йын ишинде аспанға көтерип
алып кетпестен алдын, Илияс пенен
Элиша Гилгалдан жолға шыққан еди.
2 Сонда Илияс Элишаға:
– Өтинемен, усы жерде қал,
Жаратқан Ийе мени Бейт-Элге жи-
берип атыр, – деди.
Элиша оған:
– Тири Жаратқан Ийе ҳақы ҳәм
сизиң тирилигиңиз ҳақы ант ише-
мен: сизден айырылмайман, – деп
жуўап берди. Сөйтип олар бирге
Бейт-Элге кетти.
3 Бейт-Элдеги пайғамбарлар то-
пары Элишаның алдынан шығып,
оннан:
– Жаратқан Ийе бүгин мырзаңды
қасыңнан алып кетеди, буны биле-
сең бе? – деп сорады. Элиша оларға:
– Аўа, билемен, үндемеңлер, – деди.
4 Илияс Элишаға:
– Элиша, өтинемен, усы жерде
қал, Жаратқан Ийе мени Ерихоға
жиберип атыр, – деди. Элиша оған:
– Тири Жаратқан Ийе ҳақы ҳәм
сизиң тирилигиңиз ҳақы ант ише-
мен: сизден айырылмайман, – деди.
Сөйтип олар Ерихоға келди.
5 Сонда Ериходағы пайғамбарлар
топары Элишаға келип:
– Жаратқан Ийе бүгин мырзаңды
қасыңнан алып кетеди, буны биле-
сең бе? – деп сорады. Элиша оларға:
– Аўа, билемен, үндемеңлер, – деди.
6 Кейин Илияс Элишаға:
– Өтинемен, сен усы жерде қал, се-
беби Жаратқан Ийе мени Иордан
дәрьясына жиберип атыр, – деди.
Элиша оған:
– Тири Жаратқан Ийе ҳақы ҳәм си-
зиң тирилигиңиз ҳақы ант ишемен:
сизден айырылмайман, – деди. Со-
лай етип, екеўи жолын даўам етти.
7 Пайғамбарлар топарынан ели-
ўи келип, узағырақтан оларға қарап
турды. Ал олар екеўи Иордан дәрья-
сының жағасында турды. 8 Илияс

шапанын алып, айландырып, суўға
урып жибергенде, суў екиге айырыл-
ды. Олар екеўи қурғақ жер арқалы
арғы жағаға өтти. 9 Дәрьядан өтип
болғаннан соң, Илияс Элишадан:
– Мени жаныңнан алып кетпестен
бурын айт, меннен қандай тилегиң
бар? – деп сорады. Сонда Элиша:
– Менде сиздеги руўхтың еки есе-
си болсын, – деди. 10 Илияс оған:
– Қыйын нәрсени сорадың. Егер
жаныңнан мениң қалай алып ке-
тилгенимди көрсең, онда солай
болады. Егер көрмесең, олай бол-
майды, – деди.
11 Олар жолда сөйлесип кетип ба-
ратырғанда, тосаттан отлы арбаға
жегилген отлы атлар көринди ҳәм
оларды бир-биринен айырды. Или-
яс қуйын ишинде аспанға көтери-
лип кетти. 12 Элиша буны көрип:
– Әкем, әкем, Израилдың арбасы
ҳәм атлылары! – деп қышқырып қа-
ла берди. Элиша Илиясты қайтып
көре алмайтуғын болғанлықтан, ки-
йимлерин жыртып, екиге айырды.
13 Соңынан Илиястан түсип қалған
шапанды алып, изине қайтты ҳәм
Иордан дәрьясының жағасына ке-
лип турды. 14 Ол Илиястан түсип
қалған шапан менен суўды урып:
– Жаратқан Ийе, Илиястың
Қудайы қай жердесең? – деди. Ке-
йин ол суўды қайтадан урғанда, суў
қақ айырылып, Элиша сол жерден
кесип өтти.
15 Ериходағы пайғамбарлар то-
пары узақтан Элишаны көргенде:
«Илиястың руўхы Элишаға түс-
ти», – дести. Олар барып, Элиша-
ны күтип алды ҳәм баслары жерге
тийгенше ийилип оған тәжим етти.
16 Кейин олар Элишаға:
– Жанымызда елиў күшли адам
бар. Рухсат бериң, олар барып,
мырзаңызды излеп келсин. Бәл-
ким, Жаратқан Ийениң Руўхы оны
көтерип әкетип, қандай да бир таўға
ямаса ойпатлыққа апарып таслаған
шығар, – деди. Бирақ Элиша оларға:
– Яқ, оларды излеўге жибермең-
лер, – деди. 17 Деген менен, пайғам-
барлар жалынып қоймай, бийзар
қылғаннан соң, Элиша излеўге
рухсат берди. Пайғамбарлар елиў
адамды жиберди. Олар үш күн из-
леп, Илиясты таба алмады. 18 Ке-
йин Ерихоға, Элишаның қасына
қайтып келди. Элиша оларға:
– Мен сизлерге оны излемеңлер
деген жоқ па едим? – деди.

### Элишаның суўды пәклеўи

19 Ерихолылар Элишаға:
– Мырзамыз, өзиңиз көрип тур-
ғандай, қаланың турған жери жақ-
сы, бирақ суўы жаман, жери де
өнимсиз, – деди. 20 Элиша оларға:
– Таза бир кесеге дуз салып, ма-
ған алып келиңлер, – деди. Олар
солай иследи. 21 Элиша булақ ба-
сына барып, дузды суўға таслады
да, былай деди:
– Жаратқан Ийе былай дейди:
«Мен бул суўды таза қылдым, он-
нан енди өлим де, өнимсизлик те
келип шықпайды».
22 Элишаның айтқан сөзи бойын-
ша, суў ҳәзирге дейин ишиўге жа-
рамлы.

### Элишаны масқаралаған балалар

23 Элиша сол жерден Бейт-Элге
кетти. Ол жолда кетип баратырғанда,
қаладан кишкене балалар шығып:

– Жоқ бол, таз, жоқ бол! – деп мас-
қаралай баслады. 24 Ол артына қа-
рап, балаларды көрди ҳәм оларды
Жаратқан Ийениң аты менен ғар-
ғады. Сонда тоғайдан еки урғашы
айыў шығып, қырық еки баланы
тилкимлеп таслады.
25 Элиша ол жерден Кармел та-
ўына, Кармел таўынан Самария-
ға қайтты.

### Израил ҳәм Моаб арасындағы урыс

3 1 Яҳуда патшасы Еҳошафаттың
патшалығының он сегизинши
жылында, Ахаб улы Иорам Сама-
рияда Израилға патша болды ҳәм
он еки жыл патшалық етти. 2 Иорам
Жаратқан Ийениң нәзеринде жаўыз
болған ислерди ислеўди даўам етсе
де, оның ислери өз ата-анасының
ислериндей жүдә жаман болмады.
Ол әкесиниң Баалға арнап соқтыр-
ған кийели тасларын алып таслады.
3 Деген менен, ол Набат улы Яро-
бамның Израилды баслаған гүна-
ларына ерип, олардан ўаз кешпеди.
4 Моаб патшасы Меша шарўашы-
лық пенен шуғылланатуғын еди.
Ол Израил патшасына жылына
жүз мың қозы ҳәм жүз мың қош-
қардың жүнин беретуғын еди. 5 Би-
рақ патша Ахабтың өлиминен соң,
Моаб патшасы Израил патшасына
қарсы бас көтерди. 6 Сол ўақытта
патша Иорам Самариядан шығып,
пүткил израиллыларды бир жер-
ге топлады. 7 Ол Яҳуда патшасы
Еҳошафатқа: «Моаб патшасы ма-
ған қарсы бас көтерди. Моаблы-
ларға қарсы урысыў ушын мениң
менен бирге барасыз ба?» – деген
хабар жиберди.

Еҳошафат оған: «Аўа, бараман,
мени өзиңиздей, халқымды өз хал-
қыңыздай, атларымды өз атлары-
ңыздай көриң», – деди.
8 Соңынан ол: «Бизлер қайсы
жолдан барайық?» – деп сорады.

Иорам оған: «Эдом шөли арқа-
лы», – деп жуўап берди.
9 Солай етип, Израил, Яҳуда
ҳәм Эдом патшалары бирге жол-
ға шықты. Олар айланба жоллар
арқалы жети күн жүргеннен ке-
йин, суўлары таўысылып, әскер-
лер де, жанындағы ҳайўанлар да
суўсыз қалды. 10 Сонда Израил
патшасы:

– Ўаҳ, Жаратқан Ийе бизлерди,
үш патшаны моаблыларға тәслим
етиў ушын бир жерге жыйнаған
екен-дә! – деп бақырды.
11 Бирақ Еҳошафат:

– Бул жерде Жаратқан Ийениң
пайғамбары жоқ па? Ол арқалы
Жаратқан Ийениң еркин сорап би-
лер едик, – деди.

Сонда Израил патшасының хыз-
меткерлеринен бири:

– Бул жерде Шафат улы Элиша
бар, ол бурын Илиястың қолына
суў қуйған шәкирти болған, – деп
жуўап берди.
12 Еҳошафат:

– Ол Жаратқан Ийениң не айта-
жағын биледи, – деди. Солай етип,
Израил патшасы, Еҳошафат ҳәм
Эдом патшасы Элишаға кетти.
13 Элиша Израил патшасына:

– Сен неге маған киятырсаң? Әкең
менен анаңның пайғамбарларына
бар, – деди.

Израил патшасы оған:

– Яқ, себеби бул үш патшаны мо-
аблыларға тәслим етиў ушын бир

жерге топлаған – Жаратқан Ийе, –
деп жуўап берди.
14 Элиша оған:
– Өзим хызметинде болған Әлем-
ниң Жаратқан Ийесиниң тирилиги
ҳақы айтаман: егер Яҳуда патшасы
Еҳошафатты ҳүрмет етпегенимде,
саған қарамаған да, нәзер де сал-
маған болар едим. 15 Енди маған
лира шертетуғын бир сазендени
алып келиң, – деди.
Сазенде келип, лира шерткенде,
Жаратқан Ийениң күши Элиша-
ның үстине түсти. 16 Сонда Элиша
былай деди:
– Жаратқан Ийе былай дейди: «Бул
ойпатлықтың басынан аяғына де-
йин орлар қазыңлар. 17 Сизлер самал
да, жаўын да көрмейсизлер. Бирақ
мына ойпатлық суўға толып, өзле-
риңиз де, малларыңыз ҳәм ҳайўан-
ларыңыз да оннан суў ишесизлер».
18 Жаратқан Ийе ушын буны ислеў
аңсат. Ол моаблыларды да сизлерге
тәслим етеди. 19 Сонда сизлер олар-
дың барлық қорғанлы қалаларын
ҳәм бас қалаларын қыйратып, олар-
дағы ҳәр бир мийўе ағашын кесип
таслайсызлар, барлық булақлары-
ның көзлерин бекитип, өнимдар
атызларының ҳәммесин таслаққа
айландырып, жарамсыз қыласызлар.
20 Ертеңине азанда қурбанлық
берилетуғын ўақытта, бирден Эдом
тәрептен суў ағып келип, жерди
басып кетти.
21 Моаблылар патшалардың өз-
лери менен урысыў ушын киятыр-
ғанын еситкенде, урысқа жарамлы
үлкен-кишини топлап, шегараға
келип турды. 22 Олар азанда ерте
турды. Қуяш көтерилип, суў бе-
тине түскенде, бул суўлар арғы
жақтағы моаблыларға қанға уқ-
сап қызарып көринди. 23 Сонда
олар: «Мынаў қан-ғо. Патшалар
өз ара урысып, бир-бирин қырып
таслаған екен. Қәне, моаблылар,
олжаға!» – деп бақырысты. 24 Би-
рақ моаблылар Израил ордасына
келгенде, израиллылар моаблы-
ларға ҳүжим жасап, оларды қыра
баслады. Сонда моаблылар қаша
баслады, ал израиллылар оларды
қуўыўын ҳәм қырыўын даўам ет-
ти. 25 Олар қалаларды қыйратты,
өнимдар атызларға ҳәр бири бир
тастан ылақтырып, оларды тасқа
толтырды. Суў булақларының көз-
лерин бекитип, мийўе ағашларын
кесип таслады. Тек Кир-Харесет-
тиң тас дийўаллары ғана өз ор-
нында қалды. Бирақ сақпаншылар
қоршап алып, оны да қыйратты.
26 Моаб патшасы өзиниң жеңи-
лип атырғанын көргенде, жанына
жети жүз қылышпазын алып, Эдом
патшасының әскерлерин жарып
өтпекши болды. Бирақ жарып өте
алмады. 27 Сонда ол өз тахтының
мийрасхоры болған туңғыш улын
шалып, дийўал үстинде жанды-
рылатуғын қурбанлық етип берди.
Бул израиллыларда күшли ғәзеп
оятты ҳәм олар қаланы тәрк етип,
өз еллерине қайтып кетти.

### Элишаның кәмбағал жесир ҳаялға жәрдем бериўи

4 1 Бир күни пайғамбарлар то-
парынан бириниң ҳаялы дад
салып келип, Элишаға:
– Қулыңыз болған күйеўим өл-
ди. Сиз оның Жаратқан Ийеден
қорқып жасағанын билесиз. Енди
болса, бизге қарыз берген адам еки

улымды қул қылып алып кетиўге
келип тур, – деди.
2 Элиша оған:
– Саған қандай жәрдем берсем
екен? Айтшы, үйиңде не бар? – деди.
Ҳаял:
– Шорыңыздың үйинде кишкене
бир гүзе зәйтүн майынан басқа ҳеш
нәрсе жоқ, – деди. 3 Элиша ҳаялға
былай деди:
– Барып, ҳәмме қоңсыларыңнан
бос ыдысларын сорап ал. Илажы
болғанша көп ыдыс жыйна. 4 Ке-
йин улларың менен үйге кир де,
қапыны илдирип алып, ыдыслар-
дың ҳәммесине зәйтүн майын қуй.
Толған ыдысларды шетке алып
қоя бер.
5 Ҳаял Элишаның жанынан кет-
ти. Соңынан ол уллары менен бирге
үйге кирип, есикти илдирди. Улла-
ры ыдысларды алып берип турды,
ал ҳаял майды қуйып турды. 6 Ҳәм-
ме ыдыслар толғанда, ол уллары-
ның бирине:
– Және бир ыдыс алып бер, – деди.
Улы оған:
– Басқа ыдыс қалмады, – деп жу-
ўап берди. Сонда майдың ағыўы
да тоқтады.
7 Ҳаял келип, Қудайдың адамы-
на болған ўақыяны айтып берди.
Ол ҳаялға: «Барып, майды сат та,
қарызыңды төле. Қалғанын улла-
рың менен бирге күн көрисиң ушын
пайдалан», – деди.

**Элиша ҳәм шунемли ҳаял**

8 Бир күни Элиша Шунемге кел-
ди. Ол жерде жасайтуғын бир
абырайлы ҳаял Элишаны үйине
мирәт етип, аўқатланыўға көндир-
ди. Соңын ала Элиша Шунемнен
ҳәр өткенде, аўқатланыў ушын сол
үйге баратуғын болды.
9 Арадан бираз ўақыт өткеннен
кейин ҳаял күйеўине:
– Бул жерден тез-тез өтип турату-
ғын сол адамның Қудайдың мухад-
дес адамы екенин билдим. 10 Кел,
үйимиздиң үстине кишкене бир
бөлме салып, ишине көрпе-төсек,
стол, отырғыш ҳәм шыра қояйық.
Ол бизлерге келгенде, сол жерде
болады, – деди.
11 Бир күни Элиша келип, жоқар-
ғы бөлмеге шығып жатты. 12 Ол
хызметшиси Гехазийге:
– Шунемли ҳаялды шақыр, – де-
ди. Ол ҳаялды шақырды, ҳаял Эли-
шаның алдына келгенде, 13 Элиша
Гехазийге былай деди:
– Ҳаялға былай деп айт: «Бизлер-
ге көрсетип атырған ғамхорлығың-
ды саған не менен қайтарайық? Сен
ҳаққында патша менен ямаса сәр-
кәрда менен сөйлесейин бе?»
Ҳаял оған:
– Яқ, рахмет. Мен өз халқым-
ның арасында кемшиликсиз жасап
атырман, ҳәмме нәрсем бар, – деди.
14 Соңынан Элиша Гехазийге:
– Онда, бул ҳаял ушын не ислe-
сем екен? – деди.
Гехазий:
– Оның улы жоқ екен, күйеўи де
қартайып қалыпты, – деди. 15 Элиша:
– Ҳаялды шақыр, – деди. Геха-
зий ҳаялды шақырды. Ол келип,
қапының аўзында турды. 16 Эли-
ша ҳаялға:
– Келеси жылы усы ўақытта ба-
ўырыңда бир улың болады, – деди.
Ҳаял оған:
– Яқ мырзам, Қудайдың адамы,
шорыңызды алдамаң, – деди.

17 Бирақ Элишаның айтқанын-
дай, ҳаял ҳәмиледар болып, ке-
леси жылы сондай ўақытта бир
ул туўды. 18 Бала өсти. Ол бир кү-
ни орақшылардың басында болып
атырған әкесиниң жанына барды.
19 Сол жерде бала бирден әкесине:
– Ўай, басым аўырып тур, ўай ба-
сым! – деп бақыра баслады.
Әкеси хызметшисине:
– Баланы анасына алып бар, – де-
ди. 20 Хызметши баланы көтерип,
анасына алып келди. Бала түске
дейин анасының дизесинде оты-
рып, кейин қайтыс болды. 21 Ҳаял
жоқарғы бөлмеге шығып, бала-
ны Қудайдың адамының төсегине
жатқызды да, есикти жаўып, сырт-
қа шықты. 22 Ол күйеўин шақырып:
– Илтимас, маған бир хызметши
менен бир ешек жиберсең. Мен тез
Қудайдың адамына барып келе-
мен, – деди. 23 Күйеўи оған:
– Не ушын оған бүгин барғың ке-
лип қалды? Бүгин Жаңа ай бай-
рамы да, Шаббат күни де емес
ғой, – деди.
Бирақ ҳаял:
– Зыяны жоқ, – деди.
24 Ҳаял ешекти ертлеп, хызмет-
шисине:
– Ешекти айда, мен айтпағаным-
ша жүристи пәсейтпе, – деди.
25 Ҳаял кетип, Кармел таўына,
Қудайдың адамының жанына жа-
қынлады. Қудайдың адамы ҳаял-
ды узақтан көргенде, хызметшиси
Гехазийге:
– Қара, шунемли ҳаял киятыр!
26 Тез алдынан шығып оннан: «Қа-
лайсаң, күйеўиң ҳәм балаң қа-
лай?» – деп сора, – деди.
Ҳаял Гехазийге:
– Ҳәммеси жақсы, – деп жуўап
берди.
27 Ҳаял таўға шығып, Қудайдың
адамының жанына келди де, оның
аяқларына жабысты. Гехазий ҳаял-
ды шетке шығармақшы болғанда,
Қудайдың адамы оған:
– Оған тийме, оның кеўли қабар-
ған, ал Жаратқан Ийе буны меннен
жасырып, айтпады, – деди.
28 Ҳаял оған:
– Мырзам, мен сизден ул сорап па
едим? «Мени алдамаңыз», – деген
жоқ па едим? – деди.
29 Сонда Элиша Гехазийге:
– Белиңди буўып, мениң таяғым-
ды қолыңа ал да, жолға шық. Егер
биреўди ушыратсаң, сәлем берме,
егер биреў саған сәлем берсе, сәле-
мин алма. Барып, таяғымды бала-
ның бетине қой, – деди.
30 Баланың анасы Элишаға:
– Тири Жаратқан Ийе ҳақы ҳәм
сизиң тирилигиңиз ҳақы ант ише-
мен: сизсиз ҳеш жаққа кетпеймен, –
деди. Сонлықтан Элиша да ҳаялға
ерип жолға шықты. 31 Гехазий олар-
дан алдынырақ барып, таяқты ба-
ланың бетине қойды. Бирақ сес
те, тирилик белгиси де болмаған-
нан соң, Гехазий олардың алды-
нан шығып:
– Бала тирилмеди, – деп хабар-
лады.
32 Үйге киргенде, Элиша өзиниң
төсегинде өлген баланың жатыр-
ғанын көрди. 33 Ол бөлмеге кирип,
есикти жаўды ҳәм Жаратқан Ийеге
дуўа етти. 34 Кейин ол төсекке шы-
ғып, баланың үстине жатты. Аўзын
баланың аўзына, көзлерин көзле-
рине, алақанларын алақанларына
қойып, баланың үстине созылып

жатқанда, баланың денеси ысый
баслады. [35] Ол турып, бөлмениң
ишинде ояқтан-буяққа жүрди, со-
ңынан және барып, баланың үс-
тине созылып жатты. Бала жети
рет түшкирди де, көзлерин ашты.
[36] Элиша Гехазийди шақырып оған:
– Шунемли ҳаялды шақыр, – де-
ди. Ол ҳаялды шақырды. Ҳаял кел-
генде, Элиша оған:
– Улыңды ал, – деди.
[37] Ҳаял Элишаның аяқларына
жығылып, басы жерге тийгенше
ийилип тәжим етти. Соңынан улын
алып, шығып кетти.

### Және еки кәрамат

[38] Элиша Гилгалға қайтып кел-
ди. Ол жерди ашлық жайлаған
болып, пайғамбарлар топарын-
дағылар оның алдында отырған
еди. Ол хызметшисине:
– Үлкен қазанды отқа қойып, пай-
ғамбарлар топарындағыларға сор-
па писирип бер, – деди.
[39] Сонда олардың бири көк шөп
терип келиў ушын атызға кетти ҳәм
ийт түйнекти таўып, оның жеми-
сине етегин толтырып келди. Аў-
қат писирип атырғанлар оның не
екенин билмей, майдалап туўрап
қазанға салып жиберди. [40] Аўқат
ҳәммеге қуйып берилди. Бирақ
адамлар аўқатты татып көриўден:
«Ҳәй, Қудайдың адамы! Мына аў-
қат зәҳәр-ғо», – деп бақырыса бас-
лады. Ҳеш ким оны ише алмады.
[41] Сонда Элиша:
– Ун алып келиңлер, – деди. Ол
унды қазанға салды да:
– Енди адамларға қуйып бериң-
лер, ишсин, – деди. Қазанда зыян-
лы ҳеш нәрсе қалмады.

[42] Бир күни Баал-Шалишадан бир
адам Қудайдың адамына өзиниң
арпасының биринши зүрәәтинен
жабылған жигирма нан ҳәм таза
жыйналған бийдайдың масақла-
рынан дорбасына салып алып кел-
ди. Элиша хызметшисине:
– Адамларға үлестирип бер, же-
син, – деди.
[43] Хызметшиси оған:
– Бул жүз адамға не болады? – деди.
Элиша оған:
– Адамларға үлестирип бер, же-
син. Себеби Жаратқан Ийе былай
дейди: «Жеп тояды, аўысып та қа-
лады», – деди.
[44] Сонда хызметши оларды адам-
лардың алдына қойды. Жаратқан
Ийениң айтқанындай, олар жеп
тойды ҳәм аўысып та қалды.

### Нааманның жаман тери кеселлигинен жазылыўы

**5** [1] Арам патшасының сәркәрдасы
Нааман өз мырзасы ушын ул-
лы ҳәм ҳүрметли адам еди. Себеби
Жаратқан Ийе арамлыларға ол арқа-
лы жеңис сыйлаған еди. Нааман мәрт
жаўынгер еди, бирақ ол жаман тери
кеселлигине жолыққан еди. [2] Бурын
арамлылар бир шабыўыл жасағанын-
да, Израилдан бир кишкене қызды
тутқын етип алып келген еди. Бул қыз
Нааманның ҳаялына хызмет етету-
ғын еди. [3] Бир күни ол өз бийкесине:
– Қәнекей, мырзам Самариядағы
пайғамбарға барғанда ма еди, ол
оны тери кеселлигинен азат еткен
болар еди, – деди.
[4] Буны еситкенде, Нааман барып,
израиллы қыздың айтқанларын өз
мырзасына, патшаға айтып берди.
[5] Арам патшасы Нааманға:

– Жолға атлан, мен Израил пат-
шасына хат жазып беремен, – де-
ди. Ол он талант[a] гүмис, алты мың
шекел[b] алтын ҳәм он қатар кийим
алып, жолға шықты. 6 Ол хатты Из-
раил патшасына әкелип берди. Хат-
та былай деп жазылған еди: «Бул хат
пенен бирге қулым Нааманды сизге
жиберип атырман. Оны тери кесел-
лигинен азат етиўиңизди қәлеймен».
7 Израил патшасы хатты оқып
көрди де, кийимлерин жыртып:
– Адамның тери кеселлигин жа-
зыў ушын маған адам жибере-
туғындай, мен не жан алып жан
беретуғын Қудай ма едим? Мине,
көриңлер ҳәм билип қойыңлар, ол
мениң менен урысыў ушын себеп
излеп атыр, – деп бақырды.
8 Израил патшасының кийимле-
рин жыртқанын еситкен Қудай-
дың адамы Элиша патшаға: «Неге
кийимлериңизди жырттыңыз? Ол
адамды маған жибериң, Израилда
бир пайғамбар бар екенин билип
қойсын», – деген хабар жиберди.
9 Солай етип, Нааман атлары ҳәм
арбалары менен Элишаның үйи-
ниң есигиниң алдына келип турды.
10 Сонда Элиша хабаршысын жи-
берип, ол арқалы Нааманға былай
деди: «Барып, Иордан дәрьясына
жети рет жуўын, сонда териң жа-
ңарып, пәк боласаң».
11 Нааман буған қатты ашыўла-
нып:
– Мен, ол алдымнан шығып, өз
Қудайы Жаратқан Ийениң атын
айтып шақырады ҳәм кеселленген
жериме қолын қойып, оны жазады
деп ойлаған едим. 12 Дамасктеги
Абана ҳәм Парпар дәрьялары Из-
раилдағы барлық дәрьялардың
суўларынан артық емес пе? Мен
оларда-ақ жуўынып, пәкленип ал-
мас па едим? – деди де, ашыўға
буўлығыўы менен бурылып кетти.
13 Бирақ Нааманның хызметши-
лери жанына келип:
– Мырзам, егер пайғамбар сизге
қыйынырақ бир исти исле деген-
де, ислемес пе едиңиз? Ол сизге тек:
«Барып жуўын, тазаланасаң», – де-
ди-ғо, – деди.
14 Буннан соң, Нааман Қудайдың
адамының сөзи бойынша Иордан
дәрьясына барып, жети рет сүңги-
ди. Сонда оның денеси нәрестениң
денесиндей тап-таза болды ҳәм ол
пәкленди.
15 Нааман барлық адамлары
менен бирге Қудайдың адамына
қайтып келди ҳәм оның алдында
турып былай деди:
– Мине, енди пүткил жер бетин-
де Израилдың Қудайынан бас-
қа қудайдың жоқ екенин билдим.
Өтинемен, қулыңыздың мына саў-
ғасын қабыл етиң, – деди.
16 Бирақ Элиша оған:
– Өзим хызметинде болған тири
Жаратқан Ийе ҳақы ант ишемен:
ҳеш нәрсе алмайман, – деди.
Нааман Элишаны алыўға көн-
дирмекши болды, бирақ ол алма-
ды. 17 Сонда Нааман былай деди:
– Онда маған усы жердиң топыра-
ғынан еки ғашырым көтере алған-
дай топырақ алыўға рухсат бериң.
Өйткени қулыңыз болған мен

---

[a] **5:5** *Он талант* – бир талант шама менен 34 кг.
[b] **5:5** *Алты мың шекел* – бир шекел шама менен 11 гр.

ендигиден былай Жаратқан Ийе-
ден басқа ҳеш бир қудайға жанды-
рылатуғын қурбанлықлар ҳәм басқа
қурбанлықлар бермеймен. [18] Бирақ
мына жағдайда Жаратқан Ийе қу-
лын кешириўин өтинемен: мырзам
Риммонның бутханасына табыныў
ушын барғанда, ол мениң қолыма
сүйенеди. Сол ўақытта, Риммон-
ның бутханасында мен де оның ме-
нен бирге тәжим қыламан. Сонда
Жаратқан Ийе мени кеширсин.
[19] Элиша оған:
– Аман-есен кете бер, – деди.
Нааман сол жерден шығып, би-
раз узақласқанда, [20] Қудайдың
адамы болған Элишаның хызмет-
шиси Гехазий ишинен былай деди:
«Мырзам бул арамлы Нааманның
әкелген саўғаларын алыўдан бас
тартты. Тири Жаратқан Ийе ҳа-
қы ант ишемен: мен оның изинен
қуўып жетип, оннан бир нәрселер
аламан». [21] Солай етип, Гехазий
Нааманды қуўып кетти.
Нааман изинен биреўдиң қуўып
киятырғанын көргенде, арбадан
түсти де, оны қарсы алып:
– Аманлық па? – деп сорады.
[22] Гехазий оған:
– Аманлық, – деп жуўап бер-
ди. – Мырзам мени: «Жаңа ғана
Эфрайымның таўлы үлкесинде-
ги пайғамбарлар топарынан еки
жигит келип қалды. Оларға бир
талант гүмис ҳәм еки қатар ки-
йим берсин», – деген хабар менен
жиберди.
[23] Нааман:
– Өтинемен, еки талант гүмис ал, –
деди. Оны көндирип, еки талант гү-
мисти еки дорбаға салып байлады
ҳәм еки қатар кийим қосып берип,
оларды өзиниң еки хызметшисине
көтертти. Олар Гехазийдиң алдын-
да жүрди. [24] Төбешикке жеткенде,
Гехазий затларды олардың қолы-
нан алып, үйге жасырды ҳәм адам-
ларды изине қайтарып жиберди.
[25] Кейин өзи Элишаның алдына
келди. Элиша оннан:
– Гехазий қай жақтан киятыр-
саң? – деп сорады.
Гехазий:
– Қулыңыз ҳеш жаққа бармады, –
деп жуўап берди.
[26] Сонда Элиша оған:
– Сол адам арбасынан түсип, се-
ни қарсы алғанда руўхым сениң
менен бирге емес пе еди? Ҳәзир
гүмис, кийим, зәйтүн ҳәм жүзим
бағларын, майда ҳәм ири маллар,
қул ҳәм шорылар алатуғын ўақыт
па? [27] Усы исиң ушын Нааманның
жаман тери кеселлиги мәңгиге са-
ған ҳәм сениң урпағыңа жабыс-
сын, – деди. Гехазий Элишаның
алдынан шыққанда, оның жаман
тери кеселлигине шалынған дене-
си түлеп кеткен еди.

## Балтаның басының суў бетине қалқып шығыўы

**6** [1] Бир күни пайғамбарлар топа-
рындағылар Элишаға:
– Қараң, сизиң жаныңыздағы
бизлер жасайтуғын жер жүдә тар.
[2] Сонлықтан Иордан дәрьясының
бойына барайық ҳәм ҳәр қайсы-
сымыз бир ағаштан кесип алып,
сол жерге баспана қурайық, – деди.
Элиша оларға:
– Барыңлар, – деди. [3] Олардан бири:
– Илтимас, сиз де бизлер менен
бирге жүриң, – деди.
Элиша оған:

– Яқшы, бараман, – деди де, 4 олар
менен бирге кетти. Олар Иорданға
келип, ағаш кесе баслады. 5 Олар-
дан бири ағаш шаўып атырғанда,
балтасының басы сууға түсип кет-
ти. Сонда ол:
– Ўай, мырзам, балтаны аз-маз
ўақытқа сорап алған едим! – деп
шырлап қоя берди.
6 Қудайдың адамы оннан:
– Ол қай жерге түсти? – деп сора-
ды. Сол адам балтаның басы түс-
кен жерди көрсетти. Элиша бир
шақаны кесип алып, сол жерге
ылақтырып жибергенде, балта-
ның басы суўдың бетине қалқып
шықты. 7 Элиша:
– Оны ал, – деди. Адам қолын со-
зып, балтаның басын алды.

### Арам әскерлери ҳәм Элиша

8 Арам патшасы Израилға қарсы
урысқа атланды. Ол өз хызметши-
лери менен мәсләҳәтлескеннен соң:
«Мен мына ҳәм мына жерлерге ор-
да қураман», – деди.
9 Қудайдың адамы Израил пат-
шасына: «Ол жерден өтпең, себе-
би арамлылар сол жерге буққы
таслап жатыр», – деген хабар жи-
берди. 10 Сонда Израил патшасы
Қудайдың адамының айтқан же-
рин тексерип көрди. Бир емес, бир
неше мәрте Элиша патшаға алдын
ала ескертти. Солай етип, патша
сол жерлерге барғанда сақ болды.
11 Буған Арам патшасының қатты
ашыўы келди ҳәм хызметшилерин
шақырып, оларға:
– Маған айтыңлар, қайсы бириңиз
Израил патшасының жансызысыз? –
деди. 12 Сонда хызметшилерден
бири:
– Тақсыр, ҳеш биримиз. Булар-
ды Израил патшасына билдирип
туратуғын Израилда жасайту-
ғын пайғамбар Элиша болады.
Ол ҳәтте, жататуғын бөлмеңизде
айтылғанларды да оған жеткизип
турады, – деди.
13 Патша:
– Онда барып, оның қай жерде
екенин билиңлер. Адам жиберип,
оны қолға түсирейин, – деди. Пат-
шаға: «Элиша Дотанда екен», – деп
хабарлады. 14 Патша ол жерге ат-
лар, саўаш арбаларын ҳәм ләшкер-
лер топарын жиберди. Олар түнде
келип, қаланы қоршап алды.
15 Қудайдың адамының хызмет-
шиси азанда ерте турып, сыртқа
шықса, қала әтирапының ләш-
керлер, атлар ҳәм саўаш арбала-
ры менен қоршалғанын көрди. Ол
Элишаға:
– Ўай мырзам, енди не қыламыз? –
деди.
16 Элиша оған:
– Қорқпа, себеби бизлердиң тә-
репдарларымыз олардикинен
көп, – деди. 17 Соңынан Элиша:
«Жаратқан Ийе, ол көриўи ушын,
оның көзлерин аша гөр», – деп дуўа
етти. Жаратқан Ийе хызметшиниң
көзлерин ашты. Сонда ол Элиша-
ның дөгерегиндеги таўлардың от-
лы атлар менен саўаш арбаларына
толып турғанын көрди.
18 Арамлылар Элишаға ҳүжим
қыла баслағанда, Элиша Жаратқан
Ийеге дуўа етип: «Бул адамлар-
ды соқыр қылып таслай гөр», –
деди. Элишаның сөзи бойынша,
Жаратқан Ийе оларды соқыр қы-
лып таслады.
19 Кейин Элиша оларға:

– Жолдан адасыпсыз, сизлер из-
леген қала бул емес. Маған ериңлер,
сизлерди излеген адамыңыздың
алдына алып бараман, – деди де,
оларды Самарияға баслап келди.
20 Олар Самарияға келгенде, Элиша:
– Жаратқан Ийе! Олар көриўи
ушын олардың көзлерин аша гөр, –
деди. Жаратқан Ийе олардың көз-
лерин ашты ҳәм олар өзлериниң
Самарияның ортасында турғанын
көрди.
21 Израил патшасы оларды көр-
генде Элишаға:
– Мырзам, оларды қырып тасла-
йын ба? – деди.
22 Элиша патшаға:
– Яқ, қырып тасламаң. Оларды
өлтиретуғындай, сиз оларды өз
қылышыңыз ҳәм өз оқ жайыңыз
бенен қолға алып па едиңиз? Олар-
ға нан ҳәм суў бериң, ишип-жесин
ҳәм өз ҳүкимдарына қайтсын, –
деди.
23 Патша арамлылар ушын үлкен
зыяпат берди ҳәм ишип-жеп бол-
ғаннан кейин, оларды өз ҳүкимда-
рына қайтарып жиберди. Буннан
соң, арамлы басқыншылар Израил
жерине қайтып келмеди.

### Самариядағы ашлық

24 Кейинирек Арам патшасы Бен-
Ҳадад өзиниң барлық әскерлерин
жыйнап келип, Самарияны қамал
қылды. 25 Олар қаланы қамал қы-
лып турғанда, онда қатты ашлық
болды. Солай етип бир ешектиң
геллеси сексен шекел гүмиске, бир
уўыс кептер қыйы[a] бес шекел гү-
миске сатылды.
26 Бир күни Израил патшасы қа-
ла дийўалы үсти менен кетип ба-
ратырғанда, бир ҳаял:
– Тақсыр, жәрдем бериң, – деп
дад салды.
27 Патша оған:
– Егер Жаратқан Ийе саған жәр-
дем бермесе, мен қалай жәрдем
бере аламан? Бийдай да, шарап та
бере алмайман, – деди де, 28 соңы-
нан: – Не демекшисең? – деди.
Ҳаял былай деди:
– Мына ҳаял маған: «Улыңды бер,
оны бүгин жейик, ал меникин ер-
тең жеймиз», – деген еди. 29 Сөй-
тип бизлер улымды писирип жедик.
Ертеңине мен оған: «Улыңды бер,
жейик», – десем, ол улын жасы-
рып таслады.
30 Патша ҳаялдың сөзин есит-
кенде, кийимлерин жыртып, дий-
ўалдың үсти бойлап жүрди. Сонда
халық оның иштен аза кийимин
кийип жүргенин көрди. 31 Патша:
«Егер усы бүгин Шафат улы Эли-
шаның басы денесинен жуда қы-
лынбаса, Қудай мени жазалаған
үстине жазаласын», – деди.
32 Элиша ақсақаллар менен өз
үйинде отырған еди. Патша бир
адамды Элишаға жиберди. Сол
адам еле Элишаға жетип келмес-
тен алдын Элиша ақсақалларға:
– Бул қанхордың мениң басым-
ды кестириў ушын адам жибе-
рип атырғанын көрип турсыз ба?
Сол адам келгенде, қапыны илип

---

a **6:25** *Кептер қыйы* – аўқатлық ямаса отын ушын пайдаланылған болыўы мүмкин. Және де, қуўырылған лобияның ямаса басқа дәнлердиң кепеги болыўы мүмкин.

таслаң, оны ишке киргизбең. Онық
изинде мырзасының да аяқ сесле-
ри еситилип тур, – деди.
33 Элиша еле олар менен сөйле-
сип отырғанда, патша оның алды-
на келип:
– Мине, Жаратқан Ийе қандай апат-
шылық жиберди! Енди Жаратқан
Ийеден не күте аламан? – деди.

7 1 Элиша буған былай деп жу-
ўап берди:
– Жаратқан Ийениң сөзин тың-
лаңлар! Жаратқан Ийе былай дей-
ди: «Ертең усы ўақытта Самария
дәрўазасындағы базарда бир сеа[a]
сапалы ун да, еки сеа арпа да бир
шекелге сатылады».
2 Сонда патша сүйенип жүрету-
ғын әскербасы Қудайдың адамына:
– Егер Жаратқан Ийе аспан қақ-
пақларын ашса да, булай бола қой-
мас, – деди.
Элиша оған:
– Сен ҳәммесин өз көзиң менен
көресең, бирақ оннан жеў саған
несип етпейди, – деди.

### Қамал етиўдиң тоқтаўы

3 Қала дәрўазасының сыртында
жаман тери кеселлигине шалын-
ған төрт адам бар еди. Олар бир-
бирине: «Өлимимизди күтип бул
жерде отыра берип не қыламыз?
4 Қалаға кирейик десек, ол жерде
ашлық болып атыр, ашлықтан өле-
миз. Ал бул жерде отыра берсек те,
өлемиз. Жақсысы, арамлылардың
ордасына барайық. Егер өлтирме-
се, тири қалармыз, өлтирсе өлип
кетермиз», – деди.
5 Олар арамлылардың ордасы-
на барыў ушын таң қараңғысын-
да турып, орданың шетине келсе,
ол жерде бирде бир адам жоқ екен.
6 Себеби Ийемиз Арам ордасы-
на саўаш арбаларының тақыр-ту-
қырлысын, атлардың киснеўин ҳәм
көп әскерлердиң шаўқым-сүренин
еситтирген еди. Сонда арамлылар
бир-бирине: «Израил патшасы биз-
лерге ҳүжим жасаў ушын Хет ҳәм
Мысыр патшаларын жаллап ал-
ған қусайды», – дести. 7 Олар таң
қараңғысында шатырларын, атла-
рын, ешеклерин яғный пүткил ор-
дасын таслап, бас саўғалап қашып
кеткен еди.
8 Жаман тери кеселлигине ша-
лынған адамлар орданың шети-
не келди ҳәм бир шатырға кирип,
ишип-жеди. Ол жерден гүмис, ал-
тын ҳәм кийимлер алып, оларды
жасырып қайтты. Кейин қайтып
келип, басқа шатырға кирди ҳәм
ол жерден алғанларын да апарып
жасырып қойды.
9 Соңынан бир-бирине: «Бизлер-
диң бул исимиз дурыс емес. Бүгин
қуўанышлы хабарлар күни. Егер
бизлер айтыўға асықпай, ертең
күн шыққанға дейин күтсек, онда
жазаға тартыламыз. Жүриң, пат-
ша сарайына барып, хабар бере-
йик», – деди.
10 Солай етип, олар келип, қала
дәрўазасының қараўылларын ша-
қырып, оларға былай деди:
– Бизлер арамлылардың орда-
сына барып едик. Ол жерде бирде
бир адам жоқ, адамның даўысы
да еситилмейди. Тек байланған

---

[a] **7:1** *Бир сеа* – шама менен 7,5 л.

атлар менен ешеклер ҳәм қалай
болған болса солай қалған шатыр-
лар бар екен.
11 Дәрўаза қараўыллары жар са-
лып, хабарды патша сарайына жет-
кизди. 12 Патша түн ортасында
төсегинен турып, хызметшилерине:
– Арамлылардың қандай жо-
ба дүзип атырғанын сизлерге
айтып қояйын: олар бизлердиң
ашаршылықты бастан кеширип
атырғанымызды биледи. Олар:
«Израиллылар қаладан шыққан-
да, оларды тирилей қолға түсирип,
қалаға кирип аламыз», – деп ойлап,
атызларға жасырыныў ушын, ша-
тырларын таслап кеткен, – деди.
13 Сонда хызметшилеринен би-
ри патшаға:
– Қалада қалған бес атты алып,
жағдайды билип келиў ушын бир
неше адам жиберейик. Ол жерге
барғанлар да, қалада қалғанлар да
бәри бир өледи, – деди.
14 Олар ҳәр бирине жуп аттан же-
гилген еки саўаш арбасын алды. Пат-
ша: «Барып, көриңлер», – деп оларды
арам әскерлериниң изинен жибер-
ди. 15 Олар арамлылардың изи ме-
нен Иордан дәрьясына дейин барды.
Пүткил жол бойы арамлылардың
асығып қашып баратырып ылақ-
тырып кеткен кийим ҳәм затлары-
на толы еди. Жиберилген адамлар
қайтып келип, жағдайды патшаға
жеткизди. 16 Сонда халық қаладан
шығып, Арам ордасын талан-тараж
қылды. Жаратқан Ийениң сөзи бо-
йынша, бир сеа сапалы ун да, еки сеа
арпа да бир шекелге сатылды.
17 Патша өзи сүйенип жүрету-
ғын әскербасыны дәрўаза аўзы-
на қойған еди. Ол дәрўазаның
алдында адамлардың аяғының ас-
тында қалып, өлди. Патша Қудай-
дың адамының алдына барғанда,
ол патшаға усылай болатуғынын
айтқан еди. 18 Ҳәммеси Қудайдың
адамының патшаға айтқанындай
болды. Ол патшаға: «Ертең усы ўа-
қытларда Самария дәрўазасында-
ғы базардың алдында еки сеа арпа
да, бир сеа сапалы ун да бир ше-
келге сатылады», – дегенде, 19 усы
әскербасы Қудайдың адамына:
«Жаратқан Ийе аспан қақпақла-
рын ашса да, бундай бола қоймас», –
деп жуўап берген еди. Сонда Элиша
оған: «Сен буны өз көзлериң менен
көресең, бирақ оннан жеў саған не-
сип етпейди», – деген еди. 20 Солай
болды да. Ол дәрўазаның алдын-
да адамлардың аяғының астында
қалып, өлди.

## Шунемли ҳаялдың қайтып келиўи

8 1 Элиша өзи өлимнен тирилткен
баланың анасына:
– Үй-ишиң менен көшип кетип,
жасай алғандай жерде жасап тур.
Себеби Жаратқан Ийе елге жети
жыллық ашлық жибериўди қарар
етти, – деди. 2 Ҳаял Қудайдың ада-
мының сөзи бойынша, үй-иши ме-
нен бирге көшип кетип, жети жыл
филистлердиң жеринде жасады.
3 Арадан жети жыл өткеннен соң,
ҳаял филистлердиң жеринен қайтып
келди ҳәм үйи менен жерлериниң
қайтарып берилиўин сораў ушын
патшаның алдына келди. 4 Сол ўа-
қытта патша Қудайдың адамының
хызметшиси Гехазий менен сөйле-
сип отырған болып, оған: «Маған
Элиша ислеген ҳәмме уллы ислер

ҳаққында айтып бер», – деген еди.
[5] Ол Элишаның өлген адамды ти-
рилткени ҳаққында айтып берип
атырған ўақытта, Элиша улын ти-
рилткен ҳаял үйи менен жерлериниң
қайтып берилиўин сорап патшаға
келди. Сонда Гехазий патшаға:
– Тақсыр, мен айтқан ҳаял мы-
наў, ал қасындағы бала сол Элиша
тирилткен бала, – деди. [6] Патша
ҳаялдан сорағанда, ол ҳәммесин
айтып берди. Патша ҳаялға бир са-
рай хызметшисин қосып жиберип:
– Оған тийисли ҳәмме нәрсе, ел-
ден кеткен күннен баслап, усы күн-
ге шекемги жеринен алынған ҳәмме
пайдасы менен бирге қайтарып бе-
рилсин, – деди.

### Элиша ҳәм Арам патшасы Бен-Ҳадад

[7] Бир күни Элиша Дамаскке кел-
ди. Сол ўақытта Арам патшасы
Бен-Ҳадад аўырып атырған еди.
Патшаға: «Қудайдың адамы усы
жерге келди», – деп хабарлады.
[8] Сонда патша Хазаел деген хыз-
метшисине:
– Саўғаға бир нәрселер ал да,
Қудайдың адамының алдынан шық
ҳәм мениң бул аўырыўдан жазы-
латуғын яки жазылмайтуғыным-
ды ол арқалы Жаратқан Ийеден
сора, – деди.
[9] Хазаел саўғаға Дамасктеги ең
жақсы затлардан қырық түйеге
артып, Қудайдың адамын күтип
алыўға кетти. Ол Элишаның ал-
дына келип, оған:
– Қулыңыз, Арам патшасы Бен-
Ҳадад аўырыўынан жазылатуғын
яки жазылмайтуғынын сораў ушын
мени сизге жиберди, – деди.
[10] Элиша оған:
– Барып оған: «Пүткиллей саўа-
лып кетеди екенсиз», – деп айт.
Бирақ Жаратқан Ийе маған оның
сөзсиз өлетуғынын аян қылды, –
деди. [11] Хазаел уяттан қызарып
кеткенше, Қудайдың адамы оған
тигилип қарап турды, соңынан жы-
лап жиберди.
[12] Хазаел оннан:
– Мырзам, неге жылайсыз? – деп
сорады.
Элиша оған:
– Себеби мен сениң Израил хал-
қына ислейтуғын жаўызлықла-
рыңды билемен. Сен олардың
қорғанлы қалаларын өртеп, жигит-
лерин қылыштан өткизесең, еми-
зиўли нәрестелерди жерге урып
өлтиресең, жүкли ҳаяллардың қа-
рынларын жарып таслайсаң, – деп
жуўап берди.
[13] Сонда Хазаел:
– Бундай үлкен ислерди ислей
алатуғындай, көпектен парқы бол-
маған бул қулыңыз ким болып-
ты? – деди.
Элиша оған:
– Жаратқан Ийе маған сениң
Арам патшасы болатуғыныңды
көрсетти, – деди.
[14] Хазаел Элишаның қасынан ке-
тип, өз ҳүкимдарына келди. Бен-
Ҳадад оннан:
– Элиша саған не деди? – деп со-
рады.
Ол:
– Элиша маған сизиң пүткиллей
саўалып кететуғыныңызды айт-
ты, – деп жуўап берди. [15] Бирақ ер-
теңине Хазаел бир көрпени суўға
малып алып, оны патшаның бети-
не басып, патшаны туншықтырып

өлтирди. Солай етип оның орнына
өзи патша болды.

### Яҳуда патшасы Еҳорам

16 Израил патшасы Ахаб улы Ио-
рамның патшалығының бесинши
жылында Еҳошафат еле Яҳудаға
патша болып турған ўақытта, Еҳо-
шафаттың улы Еҳорам да Яҳудаға
патша болды. 17 Еҳорам патша бол-
ған ўақытта отыз еки жаста еди. Ол
Ерусалимде сегиз жыл патшалық
етти. 18 Оның ҳаялы Ахабтың қы-
зы болғанлықтан, ол да Ахабтың
үй-иши сыяқлы Израил патшала-
рының жолынан жүрип, Жаратқан
Ийениң нәзеринде жаўыз болған
ислерди иследи. 19 Бирақ Жаратқан
Ийе қулы Даўыттың ҳүрмети ушын
Яҳуданы жоқ қылғысы келмеди.
Себеби Ол Даўытқа ҳәм оның ур-
пағына мәңгиге сөнбейтуғын шы-
рақ бериўди ўәде еткен еди.
20 Еҳорамның патшалығы дәўи-
ринде эдомлылар Яҳуда ҳүким-
дарлығына қарсы бас көтерип,
өзлерине патша қойып алды. 21 Еҳо-
рам пүткил саўаш арбалары менен
бирге Саирге кетти. Ол жерде эдом-
лылар оны ҳәм оның саўаш арбала-
рының сәрдарларын қоршап алды.
Бирақ Еҳорам түнде турып, қамал-
ды жарып шықты. Оның әскерле-
ри де өз үйлерине қарай қашты.
22 Соннан баслап усы күнге дейин
эдомлылар Яҳуданың ҳүкимдар-
лығына бойсынбай келеди. Сол
ўақытта Либна қаласы да қозға-
лаң көтерген еди.
23 Еҳорамның басқа ислери ҳәм
ол ислеген барлық ислер Яҳуда
патшаларының жылнама кита-
бында жазылған. 24 Еҳорам өлип,
ата-бабаларына қосылды ҳәм Да-
ўыттың қаласына, ата-бабала-
рының қасына жерленди. Оның
орнына улы Ахазия патша болды.

### Яҳуда патшасы Ахазия

25 Израил патшасы Ахаб улы Ио-
рамның патшалығының он екинши
жылында, Еҳорам улы Ахазия Яҳу-
даға патша болды. 26 Ахазия жи-
гирма еки жасында патша болып,
Ерусалимде бир жыл патшалық
етти. Оның анасы Израил патша-
сы Омрийдиң ақлығы болып, аты
Аталия еди. 27 Ахазия Ахабқа қуда-
тамыр болғанлығы себепли, Ахаб-
тың урпағының жолынан жүрди
ҳәм оларға уқсап, Жаратқан Ийе-
ниң нәзеринде жаўыз болған ис-
лерди иследи.
28 Ахазия Арам патшасы Хазаел-
ге қарсы урысыў ушын, Ахаб улы
Иорам менен бирге Гиладтағы Ра-
мотқа кетти. Арамлылар Иорамды
жарадар етти. 29 Патша Иорам Ра-
мада, Арам патшасы Хазаел менен
урысқанда, арамлылардан алған
жарақатын емлетиў ушын Изре-
елге қайтты. Яҳуда патшасы Еҳо-
рам улы Ахазия да жарадар болған
Ахаб улы Иорамды көриў ушын
Изреелге келди.

### Еҳудың Израилға патша болыўы

9
1 Сол күнлери пайғамбар Элиша
пайғамбарлар топарындағы-
лардан бирин шақырып, оған бы-
лай деди:
– Белиңди бууўып, мына зәйтүн
майы қуйылған ыдысты ал да, Ги-
ладтағы Рамотқа бар. 2 Сол жер-
ге барыўдан Нимшийдиң ақлығы

Еҳошафаттың улы Еҳуды тап. Оны
жолдасларының арасынан шақы-
рып алып, ишки бөлмеге алып бар.
3 Кейин зәйтүн майы қуйылған
ыдысты алып, майды оның ба-
сына қуй ҳәм оған былай деп айт:
«Жаратқан Ийе былай дейди: „Се-
ни майлап, Израил үстинен патша
етип қойдым“». Соңынан иркилмей,
қапыны аш та қаш.
4 Солай етип, пайғамбардың хыз-
метши жигити Гиладтағы Рамот-
қа кетти. 5 Жигит сол жерге жетип
барғанда, әскербасылардың бир
жерге жыйналып отырғанын көр-
ди. Ол:
– Ҳәй әскербасы, сизге айтар гә-
пим бар, – деди.
Еҳу оннан:
– Қайсы биримизге? – деп сорады.
Жигит оған:
– Сизге, әскербасы, – деди.
6 Еҳу орнынан турып, үйге кир-
ди. Жигит зәйтүн майын Еҳудың
басына қуйды да былай деди:
– Израилдың Қудайы Жаратқан
Ийе былай дейди: «Сени майлап,
халқым Израил үстинен патша
етип қойдым. 7 Сен мырзаң Ахаб-
тың урпағын қырып таслайсаң.
Мениң қулларым болған пайғам-
барларымның ҳәм барлық қулла-
рымның төгилген қаны ушын Мен
Изабелден өш аламан. 8 Ахабтың
пүткил урпағы жоқ болады. Изра-
илда Ахабтың урпағынан болған
ҳәр бир еркек затын, азат болсын,
қул болсын ҳәммесин жоқ қыла-
ман. 9 Набат улы Яробам менен
Ахия улы Баашаның урпағына не
қылған болсам, Ахабтың урпағы-
на да соны ислеймен. 10 Изабелдиң
денесин Израел жеринде ийтлерге
жем қыламан ҳәм оның денеси кө-
миўсиз қалады».
Жигит усыларды айтып бола са-
ла, қапыны ашып, қашып кетти.
11 Еҳу шығып, патшаның әскер-
басыларының жанына келгенде,
олардан бири Еҳудан:
– Тынышлық па? Ана телбе саған
неге келипти? – деп сорады.
Еҳу оған:
– Сизлер оның ким екенин де, не
айтатуғынын да билесиз-ғо, – деп
жуўап берди.
12 Олар:
– Сен алдап турсаң, бизлерге де
айтшы, – деди.
Еҳу оларға былай деди:
– Ол маған мына нәрселерди айт-
ты: «Жаратқан Ийе былай дейди:
„Сени майлап, Израил үстинен пат-
ша етип қойдым“».
13 Сонда олар асығыс түрде ша-
панларын шешип, оларды Еҳу тур-
ған текшеге төседи ҳәм кәрнай
шалып: «Еҳу патша болды!» – деп
жар сала баслады.

**Еҳудың Иорамды өлтириўи**

14 Солай етип, Нимшийдиң ақлы-
ғы Еҳошафат улы Еҳу Иорамға қар-
сы тил бириктирди. Сол ўақытлары
Иорам Израил халқы менен бирге
Гиладтағы Рамотты Арам патша-
сы Хазаелден қорғап турған еди.
15 Бирақ патша Иорам Арам пат-
шасы Хазаел менен болған урыста
жарақатланып, емлениў ушын Из-
реелге қайтқан еди. Еҳу қасында-
ғыларға былай деди:
– Егер сизлер мен тәрепте бол-
саңыз, онда ҳеш бир адамның бул
қаладан шығып кетип, Изреелге
хабар жеткериўине жол қойманлар.

16 Соңынан Еҳу саўаш арбасына
минип, Иорам жатырған жерге, Из-
реелге келди. Яҳуда патшасы Аха-
зия да Иорамды көриў ушын сол
жерге келген еди.
17 Израелдеги минара үстинде
турған гүзетши Еҳудың әскерле-
ри менен жақынласып киятырға-
нын көрип:
– Әскерлер топарын көрип тур-
ман, – деп бақырды.
Иорам:
– Оларды қарсы алып, не ушын
киятырғанын билип келиў ушын
бир атлыны жибер, – деди.
18 Атлы Еҳуды қарсы алыў ушын
кетти ҳәм оған:
– Патшамыз: «Тынышлық па?» –
деп сорап атыр, – деди.
Еҳу оған:
– Тынышлық па, жоқ па, саған не?
Онната мениң изиме ер, – деди.
Гүзетши: «Атлы олардың жанына
жетип барды, бирақ изине қайтпа-
ды», – деп хабарлады.
19 Сонда екинши бир атлы жибе-
рилди. Атлы оларға барып:
– Патшамыз: «Тынышлық па?» –
деп сорап атыр, – деди.
Еҳу оған:
– Тынышлық па, жоқ па, саған не?
Онната мениң изиме ер, – деди.
20 Гүзетши: «Атлы олардың жа-
нына жетип барды, бирақ изине
қайтпады. Киятырған адамның
арбасының жүриси Нимший улы
Еҳудикине уқсайды. Себеби ол қу-
тырып шаўып киятыр», – деп ха-
барлады.
21 Сонда Иорам:
– Арбаны жегиңлер! – деп буйыр-
ды. Онның арбасын жекти. Израил
патшасы Иорам ҳәм Яҳуда патшасы
Ахазия ҳәр бири өз арбасына ми-
нип, Еҳуды қарсы алыўға шықты
ҳәм олар израелли Наботтың аты-
зында ушырасты. 22 Иорам Еҳуды
көргенде, оннан:
– Еҳу, тынышлық па? – деп со-
рады.
Еҳу оған:
– Анаң Изабел баслаған бутпараз-
лық ҳәм сыйқыршылықлар даўам
етер екен, қалай тынышлық бол-
сын? – деп жуўап берди.
23 Сонда Иорам Ахазияға:
– Сатқынлық бул, Ахазия, сат-
қынлық! – деп бақырыўы менен
арбасының дизгинин бурып, қа-
ша жөнелди.
24 Ал Еҳу оқ жайын бар күши ме-
нен керип, Иорамның жаўырынына
атты ҳәм оқ оның жүрегин тесип өт-
ти. Иорам арбасының ишине қулады.
25 Сонда Еҳу әскербасы Бидқарға:
– Оны алып, израелли Наботтың
атызына ылақтырып жибер. Себе-
би ядыңа түсир, бизлер екеўимиз
бирге Иорамның әкеси Ахабтың
изинен барғанымызда, Жаратқан
Ийе Ахабқа қарсы мына сөзлерди
айтқан еди: 26 «Кеше Наботтың ҳәм
оның улларының қанын көрдим.
Сеннен усы атызда өш аламан».
Енди Жаратқан Ийениң сөзи бо-
йынша оның денесин алып, атыз-
ға ылақтыр, – деди.

## Яҳуда патшасы Ахазияның өлтирилиўи

27 Яҳуда патшасы Ахазия буны
көргенде, Бейт-Ҳагганға қарай
қашты. Еҳу оны қуўып баратырып:
– Оны да өлтириң, – деп бақыр-
ды. Ахазияны Ивлеам жанындағы
Гур жолында, арбасында турған

жеринде оқ жай менен атты. Ол Ме-
гиддоға қашып барып, сол жерде
жан тапсырды. 28 Адамлары оның
денесин арба менен Ерусалимге
алып келди ҳәм Даўыттың қала-
сындағы ата-бабаларының қасы-
на, өз қәбирине қойды.
29 Ахазия Ахаб улы Иорамның
патшалығының он биринши жы-
лында Яҳудаға патша болған еди.

### Изабелдиң өлтирилиўи

30 Кейин Еҳу Изреелге келди.
Изабел болған ўақыяларды еси-
тип, көзлерине сүрме жағып, шаш-
ларын сулыўлап, терезеден қарап
турған еди. 31 Еҳу дәрўазадан кир-
генде, Изабел оған:
– Ҳәй, өз ҳүкимдарын өлтирген
Зимрий, тынышлық па?[a] – деди.
32 Еҳу терезеге қарап:
– Ким мен тәрепте, ким? – деди.
Сонда еки-үш сарай хызметшиси
Еҳуға бой көрсетти. 33 Еҳу оларға:
– Оны төменге ылақтырыңлар! –
деди. Хызметшилер Изабелди
жерге ылақтырды. Оның қаны дий-
ўалға ҳәм атларға шашырап, атлар
оның денесин басқылап таслады.
34 Еҳу ишке кирип ишип-жеди
ҳәм соңынан:
– Бул ғарғыс урған ҳаялды та-
ўып, жерлеңлер. Өйткени ол патша
туқымынан ғой, – деди. 35 Бирақ
Изабелди жерлеў ушын кеткенлер
оның бас сүйеги ҳәм аяқ-қолла-
рынан басқа ҳеш нәрсесин таппа-
ды. 36 Олар қайтып келип, буны
Еҳуға хабарлады. Сонда Еҳу бы-
лай деди: «Жаратқан Ийениң қу-
лы тишбели Илияс арқалы айтқан
сөзи орынланды. Жаратқан Ийе:
„Изабелдиң денеси Изреел атызла-
рында ийтлерге жем болады. 37 Аўа,
Изабелдиң денеси Изреел атызла-
рына төгилген төгинге уқсап қала-
ды ҳәм ҳеш ким оны бул Изабел-ғо
деп айтпайды“, – деген еди».

### Ахабтың үй-ишиниң өлтирилиўи

10 1 Самарияда Ахабтың жет-
пис улы бар еди. Сол себепли
Еҳу хат жазып, оны Самариядағы
Израел басшыларына, ақсақаллар-
ға ҳәм Ахабтың улларының тәрбия-
шыларына жиберди. Онда былай
деп жазылған еди: 2 «Мырзаңыздың
уллары сизлер менен бирге. Сизлер-
де саўаш арбалары, атлар, қурал-
жарақлар бар ҳәм сизлер қорғанлы
қалада жасайсыз. Сонлықтан бул
хат сизлерге жетип барыўдан, 3 өз
ҳүкимдарыңыздың улларынан
ең жақсысын ҳәм ең ылайықлы-
сын сайлап, оны әкесиниң тахтына
отырғызың ҳәм ҳүкимдарыңыздың
үй-иши ушын гүресиң».
4 Бирақ олар қатты қорқып кетип:
«Еҳуға еки патша бас келе алма-
ғанда, бизлер қалай бас келе ала-
мыз?» – дести.
5 Кейин сарай басқарыўшысы, қа-
ла ҳәкими, ақсақаллар ҳәм Ахабтың
улларын тәрбиялаўшылар Еҳуға
мына хабарды жиберди: «Бизлер
сизиң қулларыңбыз, не буйырсаңыз,
соны ислеймиз. Бизлер ҳеш кимди
патша етип қоймаймыз, өзиңизге
не мақул болса, соны ислең».
6 Еҳу оларға екинши рет мына
мазмунда хат жазды: «Егер сизлер

---

[a] **9:31** 3Пат 16:9-10.

мен тәрепте болсаңыз ҳәм мениң
сөзиме бойсынсаңыз, онда өз ҳү-
кимдарыңыздың улларының басын
алып, ертең усы ўақытта Изреелге,
мениң алдыма келиңлер».
Патшаның жетпис улы болып,
оларды қаланың ҳүрметли адам-
лары тәрбиялап атырған еди.
7 Хат оларға жетип келгенде, олар
патшаның жетпис улын өлтирип,
басларын себетке салды ҳәм Из-
реелге, Еҳуға жиберди. 8 Хабаршы
келип, Еҳуға:
– Патшаның улларының басла-
рын алып келди, – деп билдирген-
де, Еҳу оған:
– Оларды еки үйиншик етип, қала
дәрўазасының кирер аўзына қойың,
азанға дейин сол жерде турсын, –
деди.
9 Ертеңине азанда Еҳу сыртқа шы-
ғып, пүткил халыққа былай деди:
– Сизлердиң айыбыңыз жоқ. Ҳү-
кимдарыма қарсы мен бас көтер-
дим ҳәм оны мен өлтирдим. Ал
мыналардың бәрин ким өлтирди?
10 Енди билип қойыңлар, Жаратқан
Ийениң Ахабтың үй-ишине қарсы
айтқан сөзлериниң бирде биреўи
орынланбай қалмайды. Жаратқан
Ийе Өз қулы Илияс арқалы айт-
қанларын жүзеге асырды.
11 Еҳу Изреелде Ахабтың үй-иши-
нен қалған адамлардың ҳәммесин,
ўәзирлерин, жақынларын, руўха-
нийлерин өлтирди. Оның бирде
бир адамын тири қалдырмады.

## Патша Ахазияның жақынларының өлтирилиўи

12 Соңынан Еҳу Самарияға қарай
жолға шықты. Жолда шопанларға
тийисли болған Бейт-Экед деген
жерден өтип баратырып, 13 Яҳуда
патшасы Ахазияның туўысқанла-
рын ушыратты. Олардан:
– Сизлер кимсизлер? – деп сора-
ды. Олар:
– Бизлер Ахазияның туўысқан-
ларымыз. Патшаның ҳәм ханбийке
Изабелдиң улларынан хабар алыў-
ға баратырмыз, – деди.
14 Еҳу адамларына:
– Буларды тирилей услап алың-
лар, – деди. Оларды тирилей услап
алып, Бейт-Экед суў сақлағышы-
ның жанында қылыштан өткизди.
Олар қырық еки адам еди. Олардан
бирде бири аман қалмады.

## Ахабтың басқа жақынларының өлтирилиўи

15 Еҳу сол жерден кеткеннен соң,
өзин күтип алыўға киятырған Ре-
хаб улы Ионадабты ушыратты ҳәм
оның менен сәлемлесип атырып:
– Мениң саған деген нийетим қа-
лыс болғаны сыяқлы, сениң де ма-
ған деген нийетиң қалыс па? – деди.
Ионадаб оған:
– Аўа, – деди.
Еҳу:
– Онда қолыңды бер, – деди. Ио-
надаб қолын созды. Еҳу оны арба-
сына мингизип:
16 – Мениң менен бирге жүр ҳәм
мениң Жаратқан Ийе ушын қан-
шелли жан күйдиретуғынымды
көр, – деди де, оны арбасына мин-
гизип алып кетти.
17 Соңынан Еҳу Самарияға бар-
ды ҳәм Жаратқан Ийениң Илияс
арқалы айтқан сөзлери бойынша
Ахабтың Самарияда қалған бар-
лық адамларын түп-тамыры ме-
нен жоқ қылды.

### Баалға табынатуғынлардың өлтирилиўи

[18] Еҳу пүткил халықты жыйнап,
оларға былай деди:
– Ахаб Баалға аз хызмет етти, ал
мен оған көбирек хызмет етежақ-
пан. [19] Баалдың барлық пайғамбар-
ларын, руўханийлерин ҳәм оған
табынатуғынлардың ҳәммесин ме-
ниң алдыма шақырыңлар, ҳеш ким
келмей қалмасын. Себеби Баалға
арнап уллы бир қурбанлық бере-
жақпан. Ким де ким келмей қалса,
ол өлтириледи.
Еҳу бул жерде Баалға табынату-
ғынларды жоқ қылыў ушын ҳий-
ле ислеткен еди. [20] Соңынан Еҳу:
– Баалға арнап салтанатлы жый-
налыс қылың, – деди.
Жыйын жәрияланды. [21] Еҳу пүт-
кил Израилға хабаршылар жибер-
ди ҳәм Баалға табынатуғынлардың
ҳәммеси келди, бирде бир адам кел-
мей қалмады. Олар Баалдың бут-
ханасына кирди, бутхана аўзына
дейин лыққа толды. [22] Еҳу мухаддес
кийимлерди қорғайтуғын адамға:
– Баалға табынатуғынлардың
ҳәммесине кийим әкелип бер, –
деди.
Ол оларға кийим әкелип берди.
[23] Еҳу Рехаб улы Ионадаб пенен
Баалдың бутханасына кирип, Баал-
ға табынатуғынларға:
– Әтирапыңызға жақсылап қараң,
араңызда Жаратқан Ийеге сыйы-
натуғынлардан ҳеш ким болмасын,
бул жерде тек Баалға табынатуғын-
лар болсын, – деди.
[24] Соңынан Еҳу ҳәм Ионадаб жан-
дырылатуғын қурбанлықты ҳәм
басқа қурбанлықларды бериўди
баслады. Еҳу бутхананың сыртына
сексен адамды қойып, оларға бы-
лай деп ескерткен еди: «Қолыңызға
берген адамлардан биреўи қашып
кетсе, жаныңыз бенен төлейсиз».
[25] Жандырылатуғын қурбанлық
бериў жуўмақланғанда, Еҳу сақ-
шыларға ҳәм әскербасыларға:
– Ишке кирип, оларды өлтириң,
бирде биреўи қашып кетпесин, –
деди.
Олар ҳәммени қылыштан өтки-
зип, денелерин сыртқа ылақтырды.
Кейин Баалдың бутханасының иш-
ки бөлмесине кирди. [26] Бутханадан
Баалға арналған кийели тасларды
алып шығып, оларды өртеп жибер-
ди. [27] Олар Баалға арналған кийе-
ли тасты да, Баалдың бутханасын
да бузып таслады. Халық ол жер-
ди ҳәзирги күнге шекем ҳәжетха-
на ретинде пайдаланып келмекте.
[28] Солай етип, Еҳу Израилдағы
Баалға табыныўшылықты жоқ
қылды. [29] Деген менен, ол Набат
улы Яробамның Израилды бас-
лаған гүналарынан, яғный Бейт-
Эл ҳәм Дандағы алтын таналарға
табыныўдан бас кешпеди.
[30] Жаратқан Ийе Еҳуға:
– Мениң нәзеримде туўры болған
ислерди ислегениң, Ахабтың үй-
ишине Мениң жүрегимде болған
ҳәмме нәрсени ислегениң ушын,
сениң нәсилиң төртинши әўлад-
қа дейин Израил тахтында оты-
рады, – деди.
[31] Бирақ Еҳу Израилдың Қудайы
Жаратқан Ийениң нызамы бойын-
ша жүриўге шын жүректен ҳәрекет
етпеди. Ол Израилды гүнаға бас-
лаған Яробамның гүналарынан
ўаз кешпеди.

### Еҳудың өлими

[32] Сол күнлери Жаратқан Ийе Из-
раил жерлерин бөлеклеп, қысқар-
та баслады. Арам патшасы Хазаел
барлық Израил аймақларында из-
раиллыларды жеңип барды. [33] Ол
Иордан дәрьясының шығысындағы
Гад, Рубен ҳәм Менашше урыўла-
рына тийисли болған пүткил Гилад
жерин, Арнон сайының бойында-
ғы Ароерден Гиладқа ҳәм Башан-
ға дейинги жерлерди басып алды.
[34] Еҳудың қалған ислери ҳәм ол
ислеген барлық ислер, оның қа-
ҳарманлықлары Израил патша-
ларының жылнама китабында
жазылған.
[35] Еҳу өлип, ата-бабаларына қо-
сылды ҳәм оны Самарияға жерледи.
Оның орнына улы Еҳоахаз патша
болды. [36] Еҳу Самарияда Израил
үстинен жигирма сегиз жыл пат-
шалық еткен еди.

### Яҳуда ханбийкеси Аталия

**11** [1] Яҳуда патшасы Ахазия-
ның анасы Аталия улының
өлтирилгенин еситкенде, патша ту-
қымынан болғанлардың ҳәммесин
қырып таслаўды шешти. [2] Бирақ
патша Еҳорамның қызы, Ахазия-
ның қарындасы Еҳошеба Ахазия
улы Иоашты патшаның өлтирили-
ўи керек болған уллары арасынан
алып қашып, тәрбияшысы менен
бирге жататуғын бөлмеге жасы-
рып таслады. Оны Аталиядан жа-
сырып, өлимнен аман алып қалды.
[3] Аталия ел үстинен патшалық етип
турғанда, бала Жаратқан Ийениң
Үйинде өз тәрбияшысы менен алты
жыл жасырын түрде жасады.

### Аталияға қарсы бас көтериў

[4] Жетинши жылы руўханий Еҳо-
яда карлы сақшылар[a] менен сарай
сақшыларының жүзбасыларына
адам жиберип, оларды өз жанына,
Жаратқан Ийениң Үйине алдыр-
ды. Сол жерде бул адамлар менен
келисим дүзип, оларға ант ишкиз-
геннен соң, оларға патшаның улын
көрсетти. [5] Кейин Еҳояда оларға
буйрық берип, былай деди:
– Сизлер былай ислейсизлер:
Шаббат күни хызметке келгени-
ңизде, үштен бириңиз патшаның
сарайын қорғайсыз. [6] Үштен бири-
ңиз Сур дәрўазасын, ал қалған үш-
тен бириңиз сарай сақшыларының
артындағы дәрўазаны қорғайсыз.
Усылайынша сарайды қорғайсыз.
[7] Шаббат күни хызметтен шыққан
басқа еки топар сақшыларыңыздың
ҳәммеси Жаратқан Ийениң Үйиниң
жанында патшаны қорғайды. [8] Ҳәр
бир адам қуралларын қолға алып,
патшаны қоршап турсын, ким де
ким сапқа жақынласса, ол өлтирил-
син. Патша ишке киргенде де, шық-
қанда да оның жанында болыңлар.
[9] Жүзбасылар руўханий Еҳояда-
ның ҳәмме буйрықларын орынла-
ды. Ҳәр бир жүзбасы Шаббат күни
хызметке түсетуғын ҳәм хызметтен
шығатуғын өзиниң қол астындағы
адамларын алып, руўханий Еҳоя-
даға келди. [10] Руўханий Жаратқан
Ийениң Үйиндеги патша Даўыттан

---

[a] **11:4** *Карлы сақшылар* – сырт елли адамлардан дүзилген тән сақшылар бо-
лыўы мүмкин.

қалған найза ҳәм қалқанларды
жүзбасыларға таратты. 11 Патша-
ны қорғаў ушын Үйдиң қубласынан
арқасына дейин, қурбанлық орын-
ның ҳәм Үйдиң әтирапына қурал-
лы сақшылар қойылды. 12 Еҳояда
патшаның улы Иоашты сыртқа
алып шығып, басына таж кийгиз-
ди, қолына патшалық нызамларын
берип, оны патша деп жәриялады.
Оны майлап, патша етип қойды,
халық қол шаппатлап: «Жасасын
патша!» – деп қышқырысты.

13 Аталия сақшылардың ҳәм ха-
лықтың бақырысқан даўысларын
еситип, Жаратқан Ийениң Үйинде-
ги жыйналған халықтың жанына
келди. 14 Қараса, дәстүр бойынша
патша Жаратқан Ийениң Үйиниң
киреберисиндеги өрениң жанын-
да, ал әскербасылар ҳәм кәрнай-
шылар оның әтирапында турған
екен. Ал пүткил үлке халқы бол-
са, қуўаныш пенен кәрнай шалып
турған екен. Сонда Аталия кийим-
лерин жыртып:
– Қыянет, қыянет! – деп бақырды.
15 Руўханий Еҳояда Аталияның
Жаратқан Ийениң Үйинде өлтири-
лиўин қәлемеди. Сонлықтан жүз-
басыларға:
– Мына ҳаялды бул жерден алып
шығыңлар. Оған ергенлерди қы-
лыштан өткизиңлер, – деп буй-
рық берди.
16 Аталия тутып алынды ҳәм са-
райдың Ат дәрўазасына әкелинип,
сол жерде өлтирилди.

### Руўханий Еҳояда киргизген өзгерислер

17 Руўханий Еҳояда халықтың
Жаратқан Ийениң халқы болыўы
ушын, патша, халық ҳәм Жаратқан
Ийе арасында келисим дүзди.
Ол патша менен халық арасын-
да да келисим дүзди. 18 Үлке хал-
қы Баалдың бутханасына барып,
оны қыйратты. Ондағы қурбан-
лық орынды ҳәм мүсинлерди бузып
таслады, ал Баалдың руўханийи
Маттанды қурбанлық орынлар-
дың алдында өлтирди. Руўханий
Еҳояда Жаратқан Ийениң Үйине
қараўыллар қойды. 19 Кейин ол
жүзбасыларды, карлы сақшыларды,
сарай сақшыларын ҳәм пүткил үлке
халқын ертип, патшаны Жаратқан
Ийениң Үйинен алып шықты. Оны
сақшылар дәрўазасының жолы ар-
қалы сарайға алып келди ҳәм ол
патшалық тахтқа отырды. 20 Пүт-
кил үлке халқы шадлыққа бөленип,
қала тынышланып қалды. Себе-
би Аталия патша сарайында қы-
лыш пенен өлтирилген еди. 21 Иоаш
тахтқа отырғанда жети жаста еди.

### Яҳуда патшасы Иоаштың Жаратқан Ийениң Үйин оңлаўы

12 1 Израил патшасы Еҳудың
патшалығының жетинши
жылында, Иоаш Яҳудаға патша
болды ҳәм Ерусалимде қырық жыл
патшалық етти. Оның анасы беер-
шебалы болып, аты Сибия еди.
2 Иоаш руўханий Еҳояданың көзи-
ниң тирисинде Жаратқан Ийениң
нәзеринде туўры болған ислерди
исследи. Өйткени руўханий Еҳояда
оған жол көрсететуғын еди. 3 Бирақ
сыйыныў орынлары жоқ қылын-
бады ҳәм халық еле сол орынларда
қурбанлықлар берип, түтеткилер
түтететуғын еди.

4 Сонда Иоаш руўханийлерге бы-
лай деди:
– Жаратқан Ийениң Үйине арнап
алып келинген барлық гүмисти:
дизим бойынша жыйналған жан
салығын ҳәм Жаратқан Ийениң
Үйине ўәде бойынша берилген яма-
са еркли түрде берилген гүмис-
лерди топлаң. 5 Бул гүмислерди
руўханийлер қазнашылардан қа-
был етип алсын ҳәм оларды Үйдиң
бузылған жерлери болса, сол жер-
лерди оңлаўға сарпласын.
6 Бирақ Иоаштың патшалығы-
ның жигирма үшинши жылында
да руўханийлер Үйдиң бузылған
жерлерин еле оңламаған еди. 7 Сон-
лықтан патша Иоаш руўханий Еҳо-
яданы ҳәм басқа руўханийлерди
шақырып, оларға былай деди:
– Не ушын Үйдиң бузылған жер-
лерин оңламай атырсызлар? Енди-
гиден былай қазнашылардан гүмис
алмай, оларды Үйдиң бузылған
жерлерин оңлаў ушын бериңлер.
8 Руўханийлер халықтан гүмис
алмаўға ҳәм Үйдиң бузылған жер-
лерин оңлаўға қатнаспаўға ыразы
болды. 9 Руўханий Еҳояда бир қу-
ты алып, оның қақпағының үстин
тести де, қутыны Жаратқан Ийе-
ниң Үйиниң кирер аўзындағы қур-
банлық орынның оң жағына қойды.
Босағадағы қадағалаўшы руўха-
нийлер Жаратқан Ийениң Үйине
алып келинген ҳәмме гүмислер-
ди қутыға салып турды. 10 Қутыға
көп гүмис жыйылғанын көргенде,
патшаның хаткери менен бас руў-
ханий келип, Жаратқан Ийениң
Үйине түскен гүмислерди қалталап,
тәрезиге тартып өлшеди. 11 Өлшен-
ген гүмислерди Жаратқан Ийениң
Үйиниң ислерин жүргизиў ушын
қойылған адамларға берди. Олар
бул гүмислерди Жаратқан Ийе-
ниң Үйинде ислеп атырған ағаш
усталарына, қурылысшыларға,
12 өриўшилерге ҳәм тас кесиўши-
лерге төледи. Және де, Жаратқан
Ийениң Үйин оңлаў ушын ағаш,
жонылған таслар сатып алыўға
ҳәм оңлаў ушын керек болған бас-
қа да затларға сарпланды. 13 Бирақ
Жаратқан Ийениң Үйинде жый-
налған гүмистен Үй ушын гүмис
қырмалар, пилик кескишлер, қан
себетуғын табақлар, кәрнайлар ҳәм
алтын ямаса гүмис буйымлар ис-
леўде жумсалмады. 14 Себеби бул
гүмислер тек жумысшыларға тө-
ленип, Жаратқан Ийениң Үйин
дүзетиўге сарпланды. 15 Жумыс-
шыларға төлеў ушын гүмис берил-
ген адамлардан ҳеш қандай есап
талап етилмеди. Себеби олар ҳа-
дал ислейтуғын еди. 16 Айып ҳәм
гүна қурбанлығы ушын берилген
гүмислер Жаратқан Ийениң Үйине
алып келинбеди, олар руўханий-
лерге тийисли еди.
17 Сол ўақытта Арам патшасы
Хазаел Гат қаласына ҳүжим жасап,
оны басып алды. Кейин ол Еруса-
лимге ҳүжим жасаўға қарар етти.
18 Бирақ Яҳуда патшасы Иоаш өз
ата-бабалары болған Яҳуда пат-
шалары Еҳошафаттың, Еҳорамның,
Ахазияның ҳәм өзиниң Жаратқан
Ийеге атаған мухаддес сыйлары-
ның ҳәммесин, Жаратқан Ийениң
Үйинен ҳәм патша сарайының қаз-
насынан табылған барлық алтын-
ларды Арам патшасы Хазаелге
жиберди. Сонда Хазаел де Еруса-
лимнен шегинди.

19 Иоаштың басқа ислери ҳәм ол
ислеген барлық ислер Яҳуда пат-
шаларының жылнама китабында
жазылған. 20 Иоаштың хызметши-
лери қозғалаң көтерип, оған қарсы
тил бириктирди ҳәм оны Силлаға
баратуғын жолда, Бейт-Миллода
өлтирди. 21 Иоашты өлтирген хыз-
метшилери Шимеат улы Иозабад
ҳәм Шомер улы Еҳозабад еди. Иоаш
өлип, ол Даўыттың қаласына, ата-ба-
баларының жанына қойылды. Оның
орнына улы Амасия патша болды.

### Израил патшасы Еҳоахаз

**13** 1 Яҳуда патшасы Ахазия
улы Иоаштың патшалығы-
ның жигирма үшинши жылында,
Еҳу улы Еҳоахаз Самарияда Из-
раилға патша болды ҳәм он же-
ти жыл патшалық етти. 2 Еҳоахаз
Жаратқан Ийениң нәзеринде жа-
ўыз болған ислерди иследи ҳәм Из-
раилды гүнаға баслаған Набат улы
Яробамның гүналарын даўам етип,
олардан бас тартпады. 3 Сол себепли
Жаратқан Ийениң Израилға ғәзеби
қайнап, оларды узақ ўақыт Арам
патшасы Хазаелдиң ҳәм оның улы
Бен-Ҳададтың қолына берип қой-
ды. 4 Сонда Еҳоахаз Жаратқан Ийе-
ге жалбарынды ҳәм Жаратқан Ийе
оны еситти. Себеби Ол Арам пат-
шасының израиллыларды қалай
аяўсыз езип атырғанын көрип тур-
ған еди. 5 Солай етип Жаратқан Ийе
израиллыларға бир қутқарыўшы-
ны жиберди ҳәм израиллылар арам
халқының қол астынан қутылып,
бурынғыдай өз үйлеринде қәўипсиз
жасай баслады. 6 Деген менен, олар
Яробамның үй-ишиниң Израилды
баслаған гүналарынан бас тартпай,
оны даўам етти ҳәм кийели ағаш та
Самарияда тура берди.
7 Еҳоахаздың елиў атлысы, он
саўаш арбасы ҳәм он мың пияда
әскери қалды. Өйткени Арам пат-
шасы оларды қырып, күлин көкке
суўырған еди. 8 Еҳоахаздың қалған
ислери, ол ислеген барлық ислер
ҳәм оның қаҳарманлықлары Из-
раил патшаларының жылнама ки-
табында жазылған. 9 Еҳоахаз өлип,
ата-бабаларына қосылды ҳәм оны
Самарияға жерледи. Оның орнына
улы Еҳоаш патша болды.

### Израил патшасы Еҳоаш

10 Яҳуда патшасы Иоаштың пат-
шалығының отыз жетинши жылын-
да, Еҳоахаз улы Еҳоаш Самарияда
Израилға патша болды ҳәм он алты
жыл патшалық етти. 11 Ол Жаратқан
Ийениң нәзеринде жаўыз болған ис-
лерди ислеп, Набат улы Яробамның
Израилды баслаған гүналарынан
жүз бурмай, сол гүналарды даўам
етти. 12 Еҳоаштың басқа ислери, ол
ислеген барлық ислер ҳәм Яҳуда
патшасы Амасия менен урысқанда
көрсеткен қаҳарманлықлары Из-
раил патшаларының жылнама ки-
табында жазылған. 13 Еҳоаш өлип,
ата-бабаларына қосылды ҳәм Са-
марияда Израил патшаларының
жанына жерленди. Оның тахтына
улы Яробам отырды.

### Пайғамбар Элишаның өлими

14 Элиша даўасыз кеселликке ша-
лынды. Израил патшасы Еҳоаш
оны көриўге барып:
– Әкем, әкем, Израилдың арба-
сы ҳәм атлылары! – деп жылады.
15 Элиша оған:

– Қолыңа оқ жай менен оқларды
ал, – деди. Патша оқ жай менен оқ-
ларды алды. 16 Элиша:
– Оқ жайды кер, – деди. Патша оқ
жайды керди. Сонда Элиша қол-
ларын патшаның қоллары үсти-
не қойып:
17 – Шығыс тәрептеги айнаны
аш, – деди. Патша айнаны ашты.
Элиша:
– Оқты ат, – деди. Ол атты. Эли-
ша оған:
– Бул оқ – Арам үстинен сени же-
ңиске еристиретуғын Жаратқан
Ийениң жеңис оғы. Сен Афекте
оларды толығы менен жоқ қыла-
саң, – деди.
18 Соңынан:
– Оқларды ал, – деди. Патша оқ-
ларды алғанда, Элиша оған:
– Оқларды жерге ур, – деди. Пат-
ша оқларды үш рет жерге урды да,
тоқтап қалды. 19 Қудайдың адамы-
ның буған ашыўы келип:
– Бес-алты рет урыўың керек еди.
Сонда арамлыларды толығы менен
жеңген болар едиң. Енди арамлы-
ларды тек үш рет ғана жеңе ала-
саң, – деди.
20 Элиша өлип, жерленди. Ҳәр
жылы бәҳәрде Моаб басқыншыла-
ры Израилға келетуғын еди. 21 Бир
күни израиллылар бир өлини жер-
леп атырғанда басқыншыларды кө-
рип қалды ҳәм өлини Элишаның
гөрине ылақтырып қашты. Өли
дене Элишаның сүйеклерине тий-
генде тирилип, аяққа турды.

### Израил ҳәм Арам арасындағы саўаш

22 Арам патшасы Хазаел Еҳо-
ахаздың патшалығы дәўиринде
израиллыларға зулымлық етип
келди. 23 Бирақ Жаратқан Ийе
Ибрайым, Ысақ ҳәм Яқып пенен
дүзген келисимине гөре, израил-
лыларға мийрим-шәпәәт көрсет-
ти ҳәм реҳим етип, оларға нәзерин
түсирди. Оларды жоқ қылыўды қә-
лемеди ҳәм бүгинге дейин Өз дәр-
гайынан қуўып жибермеди.
24 Арам патшасы Хазаел өлип, ор-
нына улы Бен-Ҳадад патша болды.
25 Израил патшасы Еҳоаш әкеси
Еҳоахаздың патшалығы дәўирин-
де қолдан берген қалаларды Хаза-
елдиң улы Бен-Ҳададтан қайтарып
алды. Еҳоаш оны үш рет жеңилис-
ке ушыратып, Израил қалаларына
қайта ийелик етти.

### Яҳуда патшасы Амасияның Израил патшасы Еҳоашқа урыс ашыўы

14 1 Израил патшасы Еҳо-
ахаздың улы Еҳоаштың
патшалығының екинши жылын-
да Яҳуда патшасы Иоаштың улы
Амасия Яҳуда тахтына отырды.
2 Амасия патша болғанда, жигир-
ма бес жасында еди, ол Ерусалим-
де жигирма тоғыз жыл патшалық
етти. Оның анасы ерусалимли бо-
лып, аты Еҳоаддан еди. 3 Амасия
Жаратқан Ийениң нәзеринде туў-
ры болған ислерди ислесе де, ба-
басы Даўытқа уқсамады. Ал ҳәр
бир исте ол әкеси Иоаштан өрнек
алды. 4 Бирақ сыйыныў орынлары
жоқ қылынбады ҳәм халық еле сол
орынларда қурбанлықлар берип,
түтеткилер түтететуғын еди.
5 Амасия өзиниң патшалық бий-
лигин беккемлеп алғаннан соң,
әкеси Иоаш патшаны өлтирген

хызметшилерди өлтирди. 6 Бирақ
Мууўсаның Нызам китабында[a] жа-
зылғанына сай ис тутып, жынаят-
шылардың балаларын өлтирмеди.
Онда Жаратқан Ийе: «Балалар
ушын әкелер, әкелер ушын бала-
лар өлтирилмесин. Ҳәр бир адам өз
гүнасы ушын өлтирилсин», – деп
буйырған еди.
7 Амасия Дуз ойпатлығында он
мың эдомлыны өлтирип, Села қа-
ласын басып алды ҳәм оған Иоқ-
теел деп ат қойды. Бул қала ҳәзир
де сол ат пенен аталады.
8 Кейин Амасия Еҳудың ақлығы
Еҳоахаздың улы Израил патшасы
Еҳоашқа хабаршылар жиберип:
«Кел, жекпе-жек алысайық», – деп
шақырық таслады.
9 Израил патшасы Еҳоаш та Яҳуда
патшасы Амасияға мынадай жуўап
жиберди: «Лебанон таўларында-
ғы шат тикен сол жердеги кедрге:
„Қызыңды мениң улыма ҳаяллыққа
бер“, – деп хабар жиберипти. Бирақ
Лебанон таўларындағы бир жаба-
йы ҳайўан сол жерден өтип бараты-
рып, шат тикенди женшип кетипти.
10 Сен эдомлыларды жеңдиң, сон-
лықтан көкирегиң әласпанда. Усы
жеңисиңди жуўып, үйиңде отыр.
Жәнжел баслаўдың не кереги бар?
Өзиңниң де, Яҳуданың да басын
бәлеге қалдыражақсаң».
11 Деген менен, Амасия қулақ ас-
пады. Израил патшасы Еҳоаш Яҳу-
да патшасы Амасияға қарсы жүрис
қылып, олар Яҳуданың Бейт-Ше-
меш қаласында жүзбе-жүз келди.
12 Яҳудалылар израиллылар тә-
репинен қыйратылып, үйлерине
қарай қашты. 13 Израил патшасы
Еҳоаш Ахазияның ақлығы Иоаш-
тың улы Яҳуда патшасы Амасия-
ны Бейт-Шемеште тутқынға алды.
Соңынан Ерусалимге келип, қала
дийўалының Эфрайым дәрўазасы-
нан Мүйеш дәрўазасына шекемги
төрт жүз шығанақ аралығын қу-
латып таслады. 14 Ол Жаратқан
Ийениң Үйиндеги ҳәм патша сара-
йындағы қазнадан табылған ҳәмме
алтын ҳәм гүмислерди, ҳәмме зат-
ларды, және де, кепилге қойылату-
ғын тутқынларды алып Самарияға
қайтып кетти.
15 Еҳоаштың басқа ислери, оның
қаҳарманлықлары ҳәм Яҳуда пат-
шасы Амасия менен қалай урыс-
қаны Израил патшаларының
жылнама китабында жазылған.
16 Еҳоаш өлип, ата-бабаларына
қосылды ҳәм Самарияға, Израил
патшаларының жанына жерлен-
ди. Оның орнына улы Яробам пат-
ша болды.

### Яҳуда патшасы Амасияның өлими

17 Яҳуда патшасы Иоаш улы Ама-
сия Израил патшасы Еҳоахаз улы
Еҳоаштың өлиминен соң, он бес
жыл өмир сүрди. 18 Амасияның
басқа ислери Яҳуда патшаларының
жылнама китабында жазылған.
19 Ерусалимде Амасияға қар-
сы тил бириктирилгенликтен,
ол Лахишке қашты. Бирақ тил
бириктириўшилер Амасияның
изинен Лахишке адам жиберип,
оны сол жерде өлтиртти. 20 Олар
Амасияның денесин атқа артып,

---

a **14:6** Нзм 24:16.

Ерусалимге алып келди ҳәм ол Даўыттың қаласына, ата-бабаларының жанына жерленди.

21 Яҳуда халқы он алты жасар Азарияны[a] әкеси Амасияның орнына патша етип қойды. 22 Әкеси Амасияның өлиминен кейин, Азария Элат қаласын Яҳудаға қайтарып алып, оны қайтадан қурды.

## Израил патшасы Яробам

23 Яҳуда патшасы Иоаш улы Амасияның патшалығының он бесинши жылында, Еҳоаш улы Яробам Самарияда Израилға патша болды ҳәм қырық бир жыл патшалық етти. 24 Яробам Жаратқан Ийениң нәзеринде жаўыз болған ислерди иследи ҳәм Набат улы Яробамның Израилды баслаған гүналарынан ўаз кешпеди. 25 Израилдың Қудайы Жаратқан Ийениң Өз қулы гатхеферли пайғамбар Амиттай улы Юнус арқалы айтқан сөзлери бойынша, Яробам Лебо-Хаматтан Өли теңизге шекемги Израил жерлерин қайта тикледи. 26 Себеби Жаратқан Ийе Израил халқы тартып атырған күшли азапты көрди. Қул да, азат адам да, ҳәммеси азап ишинде болып, оларға жәрдем бергендей ҳеш ким жоқ еди. 27 Жаратқан Ийе Израилдың атын жер бетинен жоқ қылып жибериўди қәлемегенликтен, Еҳоаш улы Яробам арқалы оларды қутқарды.

28 Яробамның басқа ислери, ол ислеген барлық ислер, оның қаҳарманлықлары, қалай урысқанлары ҳәм Яҳудаға тийисли болған Дамаск пенен Хаматты Израилға қалай қайтарып алғаны ҳаққында Израил патшаларының жылнама китабында жазылған. 29 Яробам өлип, ата-бабалары болған Израил патшаларына қосылды. Оның орнына улы Зехария патша болды.

## Яҳуда патшасы Азария

**15** 1 Израил патшасы Яробамның патшалығының жигирма жетинши жылында, Яҳуда патшасы Амасияның улы Азария Яҳудаға патша болды. 2 Азария он алты жасында тахтқа отырып, Ерусалимде елиў еки жыл патшалық етти. Оның анасы ерусалимли болып, аты Ехолия еди. 3 Азария да әкеси Амасияға уқсап, Жаратқан Ийениң нәзеринде туўры болған ислерди иследи. 4 Бирақ сыйыныў орынлары жоқ қылынбады ҳәм халық еле сол орынларда қурбанлықлар берип, түтеткилер түтететуғын еди.

5 Жаратқан Ийе патша Азарияны жазалады. Ол бир өмир жаман тери кеселлигине шалынып, бөлек бир үйде жасады. Сарайды ҳәм үлке халқын оның улы Иотам басқарды.

6 Азарияның басқа ислери ҳәм ол ислеген барлық ислер Яҳуда патшаларының жылнама китабында жазылған. 7 Азария өлип, ата-бабаларына қосылды ҳәм Даўыттың қаласындағы ата-бабаларының жанына жерленди. Оның орнына улы Иотам патша болды.

## Израил патшасы Зехария

8 Яҳуда патшасы Азарияның патшалығының отыз сегизинши

---

a **14:21** *Азария* – басқа аты Уззия. 15:13 қараң.

жылында, Яробам улы Зехария Са-
марияда Израилға патша болды ҳәм
алты ай патшалық етти. 9 Ата-баба-
лары сыяқлы, ол Жаратқан Ийениң
нәзеринде жаўыз болған іслерди
иследи ҳәм Набат улы Яробамның
Израилды баслаған гүналарынан
бас тартпады. 10 Ябеш улы Шаллум
Зехарияға қарсы тил бириктирип,
оны халықтың алдында өлтирди
ҳәм орнына өзи патша болды.

11 Зехарияның басқа ислери Из-
раил патшаларының жылнама ки-
табында жазылған. 12 Солай етип,
Жаратқан Ийениң Еҳуға: «Сениң
нәсилиң төртинши әўладқа дейин
Израил тахтында отырады», – деп
айтқан сөзи орынланды.

## Израил патшасы Шаллум

13 Яҳуда патшасы Уззияның[a]
патшалығының отыз тоғызын-
шы жылында, Ябеш улы Шаллум
Израилға патша болды ҳәм Сама-
рияда бир ай патшалық етти. 14 Гад
улы Менахем Тирсадан Самарияға
келип, сол жерде Ябеш улы Шал-
лумды өлтирди ҳәм оның орнына
өзи патша болып алды.

15 Шаллумның басқа ислери ҳәм
ол дүзген қастыяншылық Израил
патшаларының жылнама китабын-
да жазылған.

16 Сол ўақытта Менахем Тирса-
дан шығып, өзине дәрўазаларын
ашпағаны ушын, Тифсах қаласын
ҳәм оның әтирапындағы аўыллар-
дың ҳәммесин қырды ҳәм ҳәми-
ледар ҳаяллардың қарынларын
жарып таслады.

## Израил патшасы Менахем

17 Яҳуда патшасы Азарияның пат-
шалығының отыз тоғызыншы жы-
лында, Гад улы Менахем Израилға
патша болып, Самарияда он жыл
патшалық етти. 18 Ол Жаратқан
Ийениң нәзеринде жаўыз болған
ислерди иследи ҳәм өмири бойы
Набат улы Яробамның Израилды
баслаған гүналарынан бас тартпады.

19 Ассирия патшасы Пул[b] Изра-
илға ҳүжим етти. Бирақ Менахем
Пулдың қоллап қуўатлаўына ери-
сиў арқалы өз патшалығын беккем-
леў ушын, Пулға мың талант гүмис
берди. 20 Менахем Ассирия патша-
сына бериў ушын, Израилдағы бай
адамлардың ҳәр бирине елиў ше-
кел гүмистен салық салды. Солай
етип, Ассирия патшасы елден ше-
гинип, өз үлкесине қайтып кетти.

21 Менахемниң басқа ислери ҳәм
ол ислеген барлық іслер Израил
патшаларының жылнама китабын-
да жазылған. 22 Менахем өлип, ата-
бабаларына қосылды ҳәм оның
орнына улы Пеқахия патша болды.

## Израил патшасы Пеқахия

23 Яҳуда патшасы Азарияның
патшалығының елиўинши жы-
лында, Менахем улы Пеқахия
Самарияда Израилға патша бол-
ды ҳәм еки жыл патшалық етти.
24 Пеқахия Жаратқан Ийениң нә-
зеринде жаўыз болған ислерди ис-
леди ҳәм Набат улы Яробамның
Израилды баслаған гүналары-
нан бас тартпады. 25 Пеқахияның

---

[a] **15:13** *Уззия* – басқа аты Азария. 14:21 қараң.
[b] **15:19** *Пул* – басқа аты Тиглат-Пилесер. 15:29 қараң.

әскербасыларынан бири Ремалия
улы Пеқах оған қарсы тил бирик-
тирди. Ол жанына гиладлы елиў
адамды алып, Аргоб ҳәм Арйе де-
ген адамлар менен бирикти де, Са-
мариядағы сарайдың қорғанында
Пеқахияны өлтирип, орнына өзи
патша болды.
26 Пеқахияның басқа ислери ҳәм
ол ислеген барлық ислер Израил
патшаларының жылнама китабын-
да жазылған.

### Израил патшасы Пеқах

27 Яҳуда патшасы Азарияның пат-
шалығының елиў екинши жылын-
да, Ремалия улы Пеқах Самарияда
Израилға патша болды ҳәм жи-
гирма жыл патшалық етти. 28 Ол
Жаратқан Ийениң нәзеринде жаўыз
болған ислерди иследи ҳәм Набат
улы Яробамның Израилды басла-
ған гүналарынан жүз бурмады.
29 Израил патшасы Пеқахтың дә-
ўиринде, Ассирия патшасы Тиг-
лат-Пилесер Израилдың Ийон,
Абел-Бейт-Мааха, Яноах, Кедеш,
Хасор қалаларын ҳәм Гилад, Га-
лила, Нафталий үлкелерин басып
алып, халқын Ассирияға айдап кет-
ти. 30 Яҳуда патшасы Уззия улы
Иотамның патшалығының жигир-
маланшы жылында, Эла улы Ҳошеа
Ремалия улы Пеқахқа қарсы тил
бириктирип, оны өлтирди ҳәм ор-
нына өзи патша болды. 31 Пеқахтың
басқа ислери ҳәм ол ислеген бар-
лық ислер Израил патшаларының
жылнама китабында жазылған.

### Яҳуда патшасы Иотам

32 Израил патшасы Ремалия улы
Пеқахтың патшалығының екинши
жылында, Уззия улы Иотам Яҳу-
даға патша болды. 33 Иотам жи-
гирма бес жасында патша болды
ҳәм Ерусалимде он алты жыл пат-
шалық етти. Оның анасының аты
Еруша болып, ол Садоқ деген адам-
ның қызы еди. 34 Иотам да әкеси
Уззияға уқсап, Жаратқан Ийениң
нәзеринде туўры болған ислерди
иследи. 35 Бирақ сыйыныў орын-
лары жоқ қылынбады ҳәм халық
еле сол орынларда қурбанлықлар
берип, түтеткилер түтететуғын еди.
Иотам Жаратқан Ийениң Үйиниң
жоқарғы дәрўазасын салдырды.
36 Иотамның басқа ислери ҳәм ол
ислеген барлық ислер Яҳуда патша-
ларының жылнама китабында жа-
зылған. 37 Сол күнлерде Жаратқан
Ийе Арам патшасы Ресин менен
Израил патшасы Ремалия улы Пе-
қахты Яҳудаға ҳүжимге жибере
баслады. 38 Иотам өлип, ата-ба-
баларына қосылды ҳәм бабасы
Даўыттың қаласына, ата-бабала-
рының жанына жерленди. Оның
орнына улы Ахаз патша болды.

### Яҳуда патшасы Ахаз

16 1 Израил патшасы Ремалия
улы Пеқахтың патшалығы-
ның он жетинши жылында, Иотам
улы Ахаз Яҳудаға патша болды.
2 Ахаз жигирма жасында патша бо-
лып, Ерусалимде он алты жыл пат-
шалық етти. Ол Қудайы Жаратқан
Ийениң нәзеринде туўры болған
ислерди ислеген бабасы Даўытқа
уқсамады. 3 Ахаз Израил патша-
ларының жолынан жүрди. Ҳәтте,
Жаратқан Ийе Израил халқының
алдынан қуўып жиберген миллет-
лердиң жеркенишли дәстүрлерине

еликлеп, өз улын отқа жағып, қур-
бан етти. [4] Ол сыйыныў орынла-
рында, төбешиклерде ҳәм ҳәр бир
қойыў жапырақлы теректиң ас-
тында қурбанлықлар берип, түтет-
килер түтетти.

[5] Сонда Арам патшасы Ресин ҳәм
Израил патшасы Ремалия улы Пе-
қах Ерусалимди басып алыў ушын
ҳүжим етти. Олар қаланы қамал
қылып турса да, Ахазды жеңе ал-
мады. [6] Сол арада Арам патша-
сы Ресин Элат қаласын қайтарып
алып, ол жердеги Яҳуда халқын қу-
ўып жиберди. Соңынан эдомлылар
Элатқа қоныс басты, олар ҳәзир де
сол жерде жасайды.

[7] Ахаз Ассирия патшасы Тиглат-
Пилесерге елшилерин жиберип:
«Мен сизиң қулыңыз ҳәм хызмет-
шиңизбен. Келип, маған ҳүжим
етип атырған Арам ҳәм Израил
патшаларының қолынан мени қут-
қарың», – деди. [8] Ахаз Жаратқан
Ийениң Үйинен ҳәм сарайдың
қазнасынан табылған гүмис ҳәм
алтынларды алып, Ассирия пат-
шасына саўғаға берип жиберди.
[9] Ассирия патшасы Ахаздың ти-
легин орынлап, Дамаскке ҳүжим
етип, оны қолға киргизди. Қала
халқын Кирге сүргин қылып, Ре-
синди өлтирди.

[10] Патша Ахаз Ассирия патша-
сы Тиглат-Пилесерди қарсы алыў
ушын Дамаскке барғанда, сол жер-
деги қурбанлық орынды көрди. Ол
қурбанлық орынның сүўретин ҳәм
қурылысының сызылмасын руў-
ханий Урияға жиберди. [11] Руўха-
ний Урия патша Ахаз Дамасктен
келгенше, Дамасктен ол жиберген
үлги бойынша, қурбанлық орын
қурдырып қойды. [12] Патша Дамаск-
тен қайтып келгенде, қурбанлық
орынды көрди ҳәм оған жақынлап,
үстинде қурбанлықлар берди. [13] Ол
қурбанлық орында жандырыла-
туғын қурбанлығын ҳәм ғәлле са-
дақасын түтетип жандырды, оған
ишимлик садақасын қуйып, татыў-
лық қурбанлығының қанын септи.
[14] Ал Жаратқан Ийениң алдында-
ғы қоладан исленген қурбанлық
орынды Жаратқан Ийениң Үйиниң
алдынан, яғный таза қурбанлық
орын менен Үй ортасында турған
орнынан жылжытып, оны жаңа
қурбанлық орынның арқа тәре-
пине қойды.

[15] Соңынан патша Ахаз руўханий
Урияға мынадай буйрық берди:

– Азанғы жандырылатуғын
қурбанлықты ҳәм кешки ғәлле
садақасын, патша берген жанды-
рылатуғын қурбанлықты ҳәм ғәл-
ле садақасын, үлке халқы берген
жандырылатуғын қурбанлықты,
ғәлле садақасын ҳәм ишимлик са-
дақасын үлкен қурбанлық орында
усын. Жандырылатуғын қурбан-
лықлардың ҳәм басқа қурбанлық-
лардың ҳәммесиниң қанын оған
сеп. Ал қоладан исленген қурбан-
лық орынды мен келешекти билиў
ушын қолланаман.

[16] Руўханий Урия патша Ахаздың
буйрықларын толық орынлады.

[17] Патша Ахаз түбелдириклер-
диң тахталарын кестирип, үстин-
деги ләгенлерди алдырып таслады.
Ҳәўизди де қола буғалардың үс-
тинен түсирип, төселген тастың
үстине қойды. [18] Ассирия патша-
сына жағыныў ушын, ол Шаббат
күнлери Жаратқан Ийениң Үйине

киретуғын үсти жабық жолды ҳәм
патша киретуғын қапыны жаўып
таслады.
[19] Ахаздың басқа ислери ҳаққын-
да Яҳуда патшаларының жылна-
ма китабында жазылған. [20] Ахаз
өлип, ата-бабаларына қосылды ҳәм
Даўыттың қаласына, ата-бабала-
рының жанына жерленди. Оның
орнына улы Хизкия патша болды.

## Израилдың соңғы патшасы Ҳошеа

17 [1] Яҳуда патшасы Ахаздың
патшалығының он екин-
ши жылында, Эла улы Ҳошеа Са-
марияда Израилға патша болып,
тоғыз жыл патшалық етти. [2] Ол
Жаратқан Ийениң нәзеринде жа-
ўыз болған ислерди иследи. Бирақ
өзинен алдыңғы Израил патшала-
рынан тәўирирек еди.
[3] Ассирия патшасы Шалманасар
Ҳошеаға қарсы саўаш ашты. Ҳошеа
тәслим болып, оған салық төлей
баслады. [4] Бирақ Ассирия патша-
сы Ҳошеаның сатқынлық еткенин
билип қалды. Себеби Ҳошеа Мы-
сыр патшасы Соға хабаршылар жи-
берген еди ҳәм Ассирия патшасына
ҳәр жылы төлейтуғын салығын тө-
лемей қойған еди. Сонлықтан Ас-
сирия патшасы оны тутып алып,
қамақханаға таслады.

## Самарияның қулаўы

[5] Ассирия патшасы пүткил Изра-
ил жерлерине ҳүжим қылып, Сама-
рияны үш жыл қамал етип турды.
[6] Ҳошеаның патшалығының то-
ғызыншы жылында, Ассирия пат-
шасы Самарияны қолға киргизип,
Израил халқын Ассирияға сүргин
етти. Оларды Халахқа, Хаборға, Го-
зандағы дәрья бойына ҳәм Мидия
қалаларына орналастырды. [7] Бу-
лардың ҳәммеси израиллылардың
өзлерин Мысыр патшасы фараон-
ның қол астынан, Мысыр жеринен
алып шыққан Қудайы Жаратқан
Ийеге қарсы гүна ислегени себепли
жүз берди. Олар басқа қудайларға
табына баслады. [8] Олар өзлериниң
алдынан Жаратқан Ийе қуўып шы-
ғарған халықлардың дәстүрлери
ҳәм Израил патшаларының шығар-
ған дәстүрлери бойынша жасады.
[9] Израиллылар өзлериниң Қудайы
Жаратқан Ийеге унамайтуғын бул
ислерди жасырын ислейтуғын еди.
Олар аўыллардан баслап, қорған-
лы қалаларға шекем ҳәмме жерде
өзлери ушын сыйыныў орынларын
қурды. [10] Ҳәр бир бийик төбешик-
ке ҳәм қойыў жапырақлы теректиң
астына кийели таслар ҳәм кийели
ағашлар орнатты. [11] Олар Жаратқан
Ийениң өзлериниң алдынан қуўып
шығарған халықлары сыяқлы, бар-
лық сыйыныў орынларында түтет-
килер түтетти ҳәм ислеген жаман
ислери менен Жаратқан Ийени ғә-
зеплендирди. [12] Жаратқан Ийениң
өзлерине: «Булай ислемеңлер», –
дегенине қарамастан, олар бут-
ларға табынды. [13] Сонда Жаратқан
Ийе Өзиниң барлық пайғамбарла-
ры ҳәм ўәлийлери арқалы Израил
ҳәм Яҳудаға былай деп ескертти:
«Жаман жолыңыздан қайтыңлар.
Ата-бабаларыңызға буйырған ҳәм
қулларым болған пайғамбарла-
рым арқалы сизлерге жиберген
Нызамдағы барлық буйрықлары-
ма ҳәм қағыйдаларыма бойсының-
лар». [14] Бирақ олар қулақ салмай,

Қудайы Жаратқан Ийеге исенбеген
ата-бабаларына уқсап қайсарлық
қылды. 15 Олар Оның қағыйдала-
рынан, ата-бабалары менен дүзген
келисиминен ҳәм өзлерине берил-
ген ескертиўлеринен жүз бурып,
жарамсыз бутларға табынды ҳәм
өзлери де мәниссиз өмир сүрди.
Жаратқан Ийе: «Әтирапыңыздағы
халықларға уқсап жасамаңлар», –
деп буйырса да, олар сол халық-
лардың әдетлерине еликлеп жасай
берди. 16 Олар өзлериниң Қудайы
Жаратқан Ийениң барлық буйрық-
ларынан жүз бурып, тананың еки
мүсинин қуйдырды, кийели ағаш
ислетти ҳәм пүткил аспан денеле-
рине табынып, Баалға хызмет етти.
17 Улларын ҳәм қызларын отта қур-
банлыққа берди, палкерлик етти
ҳәм белгилерди жорыды. Жаратқан
Ийениң нәзеринде жаўыз болған
ислерди ислеўге берилип кетип,
Оның ғәзебин келтирди. 18 Сон-
лықтан Жаратқан Ийениң изра-
иллыларға қатты ғәзеби келди ҳәм
Яҳуда урыўынан басқасының ҳәм-
месин Өз дәргайынан қуўды. 19 Би-
рақ Яҳуда да Өз Қудайы Жаратқан
Ийениң буйрықларына бойсын-
бай, олар да израиллылар ислеген
дәстүрлерди иследи. 20 Ақыбет-
те, Жаратқан Ийе пүткил Израил
урпақларынан жүз бурып, оларды
жазалады ҳәм басқыншылардың
қолына тәслим етип, ҳәммесин Өз
дәргайынан шығарып жиберди.

21 Бурын Жаратқан Ийе израил-
лыларды Даўыттың урпағының
қолынан тартып алғаннан соң,
израиллылар Набат улы Яробам-
ды патша етип қойған еди. Яро-
бам оларды Жаратқан Ийениң
жолынан шығарып, уллы гүна-
ға баслады. 22 Израил урпақлары
Яробам ислеген барлық гүналарға
қосылды, бул гүналардан бас тарт-
пады. 23 Ақырында, Жаратқан Ийе
Өз қуллары болған пайғамбарлар
арқалы айтқаны сыяқлы, израил-
лыларды Өз дәргайынан қуўып жи-
берди. Олар өз жеринен Ассирияға
сүргин етилди. Бүгин де олар сол
жерде жасайды.

## Самарияға қоныс басқанлар

24 Ассирия патшасы Бабилон, Ку-
та, Аўўа, Хамат ҳәм Сефарўайым
қалаларынан адамларды көширип
әкелип, израиллылардың орнына
Самария жерине қонысландырды.
Олар Самарияны ийелеп, оның қа-
лаларында жасай баслады. 25 Олар
сол жерде жасай баслаған ўақытла-
ры Жаратқан Ийеге сыйынбады.
Сонлықтан Жаратқан Ийе оларға
арысланларды жиберди, арыслан-
лар олардың айырымларын өлтире
баслады. 26 Сонда Ассирия патша-
сына мынадай хабар жетти: «Сиз
Самария қалаларына көширип әке-
лип қонысландырған халықлар сол
жердиң қудайына қалай сыйыныў-
ды билмейди. Халық үлке қудайы-
ның нызамларын билмегени ушын,
үлке қудайы үлкеге арысланлар жи-
берип атыр, арысланлар да адам-
ларды өлтирип атыр». 27 Ассирия
патшасы: «Самариядан сүргин
етип әкелинген руўханийлерден
бирин изге қайтарың. Ол барып,
сол жерде жасасын ҳәм оларға сол
жердиң қудайының нызамларын
үйретсин», – деп буйырды. 28 Са-
мариядан сүргин етилген руўха-
нийлерден бири келип, Бейт-Элде

жасады ҳәм Жаратқан Ийеге қалай
сыйыныўды оларға үйретти.
[29] Деген менен, Самария қала-
ларына қоныс басқан ҳәр бир ха-
лық өз қудайларының мүсинлерин
иследи. Оларды израиллылар Са-
марияда жасаған ўақтында қур-
ған сыйыныў орынларына қойды.
[30] Бабилоннан келгенлер Суккот-
Бенот деген, Куттан келгенлер
Нергал деген, Хаматтан келгенлер
Ашима деген, [31] Аўўадан келген-
лер Нибхаз ҳәм Тартақ деген бут-
ларды иследи. Ал Сефарўайымнан
келгенлер Сефарўайым қудайла-
ры Адраммелех пенен Анаммелех-
ке арнап улларын отта жандырды.
[32] Бир тәрептен олар Жаратқан
Ийеге сыйынса, екинши тәрептен
сыйыныў орынларындағы бутха-
наларда хызмет етиў ушын, арала-
рынан руўханийлер сайлап қойды.
[33] Сол жерге көшип келген ҳәр бир
халық Жаратқан Ийеге сыйыныў
менен бирге, өз халықларының
дәстүрлери бойынша өз қудай-
ларына да табынды. [34] Ҳәзир де
олар сол ески дәстүрлери бойын-
ша жасап келеди. Олар Жаратқан
Ийеден қорқпайды, Жаратқан Ийе
Израил деп ат берген Яқыптың
балаларына буйырған қағыйда-
ларға, пәрманларға, нызамларға
ҳәм буйрықларға бойсынбайды.
[35] Жаратқан Ийе Яқыптың урпа-
ғы менен келисим дүзип, оларға
былай деп буйырған еди: «Басқа
қудайлардан қорқып, оларға та-
бынбаңлар ҳәм оларға хызмет етип,
қурбанлық бермеңлер. [36] Тек уллы
қүдирети менен қол созып, сизлер-
ди Мысыр жеринен алып шыққан
Жаратқан Ийеден қорқыңлар, Оған
сыйынып, қурбанлық бериңлер.
[37] Сизлер ушын жазған қағыйда-
ларын, пәрманларын, нызамларын
ҳәм буйрықларын бәрҳа мукыят-
лы түрде орынлаңлар ҳәм басқа
қудайлардан қорқпаңлар. [38] Мениң
сизлер менен дүзген келисимим-
ди умытпаңлар, басқа қудайлар-
дан қорқпаңлар. [39] Тек Қудайыңыз
Жаратқан Ийеден қорқыңлар. Ол
сизлерди барлық душпанларыңыз-
дың қолынан қутқарады».
[40] Бирақ Самарияға қоныс бас-
қан халықлар бул сөзлерге қулақ
аспай, өзлериниң бурынғы әдет-
лери бойынша жасай берди. [41] Сол
халықлар ҳәм Жаратқан Ийеге, ҳәм
өзлери жондырып ислеткен мүсин-
лерге сыйынды. Олардың балала-
ры да, балаларының балалары да
өзлериниң ата-бабалары ислеген
исти бүгинге дейин даўам етпекте.

### Яҳуда патшасы Хизкия

**18** [1] Израил патшасы Эла улы
Ҳошеаның патшалығының
үшинши жылында, Ахаз улы Хиз-
кия Яҳудаға патша болды. [2] Хиз-
кия жигирма бес жасында патша
болып, Ерусалимде жигирма то-
ғыз жыл патшалық етти. Оның
анасының аты Абий болып, ол Зе-
харияның қызы еди. [3] Ол да атасы
Даўытқа уқсап, Жаратқан Ийениң
нәзеринде туўры болған ислерди
иследи. [4] Ол сыйыныў орынла-
рын жоқ қылды, кийели тасларды
майдалап, кийели ағашты кесип
таслады, Муўса ислеген мыс жы-
ланды да бөлип, майдалады. Се-
беби израиллылар оны Нехуштан
деп атап, сол күнге дейин оған ар-
нап түтетки түтететуғын еди.

[5] Патша Хизкия Израилдың
Қудайы Жаратқан Ийеге үмит бай-
лады. Оннан бурын да, оннан кейин
де, Яҳуда патшалары арасында оған
уқсағаны болмады. [6] Ол Жаратқан
Ийеге садық болып, Оннан жүз
бурмады ҳәм Жаратқан Ийениң
Муўса арқалы берген буйрықларын
орынлады. [7] Сонлықтан Жаратқан
Ийе оның менен бирге еди. Хизкия
не ислесе де, табысқа еристи. Ол Ас-
сирия патшасына қарсы бас көте-
рип, оған бойсыныўдан бас тартты.
[8] Ол Газа ҳәм оның әтирапына ше-
кем, аўыллардан баслап, қорғанлы
қалаларға шекемги ҳәмме жерлер-
деги филистлерди қырып таслады.

[9] Хизкияның патшалығының
төртинши жылында, Израил пат-
шасы Эла улы Ҳошеаның патша-
лығының жетинши жылында,
Ассирия патшасы Шалманасар
Самарияға ҳүжим жасап, қала-
ны қамал етти. [10] Ол үш жылдан
соң, Самарияны қолға киргизди.
Солай етип, Хизкияның патша-
лығының алтыншы, Израил пат-
шасы Ҳошеаның патшалығының
тоғызыншы жылында, Самария
басып алынды. [11] Ассирия пат-
шасы израиллыларды Ассирия-
ға сүргин етип, оларды Халахқа,
Хаборға, Гозандағы дәрья бойына
ҳәм Мидия қалаларына орналас-
тырды. [12] Бул ўақыя израиллы-
лардың Қудайы Жаратқан Ийениң
сөзине қулақ аспағаны, Оның ке-
лисимин бузғаны себепли жүз бер-
ди. Себеби израиллылар Қудайы
Жаратқан Ийениң қулы Муўса ар-
қалы берген буйрықларына бой-
сынбады. Оларды тыңламады да,
орынламады да.

## Санхерибтиң абай етиўи

[13] Хизкияның патшалығының
он төртинши жылында, Ассирия
патшасы Санхериб Яҳуданың бар-
лық қорғанлы қалаларына ҳүжим
жасап, оларды басып алды. [14] Сон-
да Яҳуда патшасы Хизкия Лахиш
қаласындағы Ассирия патшасына:
«Мен айыплыман, мениң жерим-
нен кетсеңиз. Не талап етсеңиз де,
төлеймен», – деп хабар жиберди.
Сөйтип, Ассирия патшасы Яҳуда
патшасы Хизкияға үш жүз талант
гүмис ҳәм отыз талант алтын са-
лық салды. [15] Хизкия Жаратқан
Ийениң Үйинен ҳәм сарайдың қаз-
насынан табылған гүмистиң ҳәм-
месин оған берди. [16] Сондай-ақ
Яҳуда патшасы Хизкия Жаратқан
Ийениң Ибадатханасының есик-
лерин ҳәм жақлаўларын алтын
менен қаплатқан еди. Ол өзи қап-
латқан усы алтынларды қыршып
алып, оларды да Ассирия патша-
сына берди.

[17] Деген менен, Ассирия патшасы
бас сәркәрдасын, әскерий ўәкилин
ҳәм бас ўәзирин үлкен армия менен
Лахиштен Ерусалимге, патша Хиз-
кияға жиберди. Олар Ерусалимге
келип, кир жуўыўшының атызына
баратуғын жолдағы, Жоқарғы ҳә-
ўизге суў қуйылатуғын жерде тоқ-
тады. [18] Олар патшаны шақыртты.
Сарай басқарыўшысы Хилкия улы
Эляким, хаткер Шебна ҳәм дий-
ўанбеги Асаф улы Иоах ассирия-
лыларға барды.

[19] Сонда Ассирия патшасының
бас ўәзири оларға былай деди:
– Уллы патша, Ассирия патша-
сының мына сөзлерин Хизкияға

жеткизиң: «Неңе үмит артып тур-
саң? 20 Урыс ушын жоба ҳәм күш
бар деп айтасаң, бирақ сен тек бос
сөзлерди айтып турсаң. Сен ким-
ге сүйенип, маған қарсы бас кө-
терип турсаң? 21 Мине, сен өзине
сүйенгенниң алақанын тесетуғын
сынық қамыс ҳасаға уқсаған Мы-
сырға сүйенип турсаң. Мысыр пат-
шасы фараон өзине исенгенлердиң
ҳәммесине усындай. 22 Бәлким ма-
ған: „Бизлер Қудайымыз Жаратқан
Ийеге үмит байлаймыз“, – дерсиз-
лер. Яҳуда ҳәм Ерусалим халқына:
„Тек Ерусалимде, мына қурбанлық
орында сыйыныңлар“, – деп сыйы-
ныў орынларын ҳәм қурбанлық
орынларын жоқ қылған Хизкия
емес пе еди?»
23 Енди сен, мениң мырзам Асси-
рия патшасы менен маўасаға кел.
Егер мен саған еки мың бас ат бер-
сем, оларға минетуғын сонша адам
таба алар ма едиң? 24 Солай екен,
мырзамның ең ҳәлсиз әскербасы-
сын да жеңе алмайсаң-ғо. Ямаса
Мысырдың саўаш арбалары ме-
нен атлыларына исенип турсаң ба?
25 Қала берсе, мен бул жерди ўай-
ран етиў ушын Жаратқан Ийениң
еркисиз келдим бе? Жаратқан Ийе
маған: «Сол үлкеге ҳүжим қылып,
оны ўайран ет», – деди.
26 Хилкия улы Эляким, Шебна
ҳәм Иоах бас ўәзирге былай деп
жуўап берди:
– Бул қулларыңыз бенен арамейше
сөйлесе бериң, түсинемиз. Дийўал
үстиндеги халыққа еситтирип, биз-
лер менен еврей тилинде сөйлеспең.
27 Бас ўәзир оларға:
– Мырзам мени бул сөзлерди тек
мырзаңа ҳәм саған айтыў ушын
емес, ал сизлер менен бирге өз дә-
ретин жеп, сидигин ишиўге дуўшар
болатуғын дийўал үстинде отыр-
ған адамларға да жеткериў ушын
жиберди, – деди.
28 Соңынан бас ўәзир орнынан
турып, еврей тилинде былай деп
бақырды:
– Уллы патшаның, Ассирия пат-
шасының сөзлерине қулақ са-
лыңлар! 29 Патша былай дейди:
«Хизкия сизлерди алдамай-ақ қой-
сын. Ол сизлерди мениң қолымнан
қутқара алмайды. 30 Ол: „Жаратқан
Ийе бизлерди қутқарады, қала Ас-
сирия патшасының қолына берил-
мейди“, – деп сизлерди Жаратқан
Ийеден үмитлендирмесин».
31 Хизкияға қулақ салмаңлар. Се-
беби Ассирия патшасы былай дей-
ди: «Мениң менен жарасып, маған
келиңлер. Сонда ҳәр бир адам өз
жүзиминиң ҳәм әнжир ағашының
мийўесинен жеп, өз суў сақлағы-
шынан суў ишеди. 32 Соңынан мен
келип, сизлерди бийдайы, шара-
бы, наны, жүзимзарлары, зәйтүн
майы ҳәм палы мол болған, өз үл-
кеңизге уқсаған бир үлкеге көшире-
мен. Сонда өлмей, тири қаласызлар.
Хизкия: „Жаратқан Ийе бизлерди
қутқарады“, – деп алдағанына қу-
лақ салмаңлар. 33 Қайсы халықтың
қудайы өз үлкесин Ассирия пат-
шасының қолынан қутқара алған?
34 Хамат ҳәм Арпадтың қудайлары
қайда? Сефарўайым, Ҳена ҳәм Иў-
ўаның қудайлары қайда? Самария-
ның қудайлары Самарияны мениң
қолымнан қутқара алды ма? 35 Усы
еллердиң қудайларының қайсы би-
ри өз жерин мениң қолымнан қут-
қара алды? Солай екен, Жаратқан

Ийе Ерусалимди мениң қолымнан
қалай қутқарады?»
[36] Халық үндемеди, жуўап та қай-
тармады. Өйткени патша Хизкия
халыққа оған жуўап бермеўди бу-
йырған еди.
[37] Сарай басқарыўшысы Хилкия
улы Эляким, хаткер Шебна ҳәм
дийўанбеги Асаф улы Иоах ки-
йимлерин жыртып, Хизкияның
алдына келди ҳәм Ассирия пат-
шасының бас ўәзириниң сөзлерин
оған айтып берди.

### Хизкияның пайғамбар Ийшаядан кеңес сораўы

**19** [1] Патша Хизкия буларды
еситкенде, кийимлерин
жыртты ҳәм аза кийимлерин ки-
йип, Жаратқан Ийениң Үйине бар-
ды. [2] Ол аза кийимин кийген сарай
басқарыўшысы Элякимди, хаткер
Шебнаны ҳәм жасы үлкен руўха-
нийлерди Амос улы пайғамбар
Ийшаяға жиберди. [3] Олар Ийшая-
ға былай деди:
– Хизкия былай дейди: «Бүгин-
ги күн азап, жаза ҳәм масқарашы-
лық күни. Себеби бала шығайын
деп аўызға тақалып турғаны ме-
нен, туўыўға күши жоқ ҳаялға уқ-
саймыз. [4] Бәлким, тири Қудайды
ақыретлеў ушын мырзасы, Асси-
рия патшасы жиберген бас ўәзир-
диң барлық сөзлерин Қудайың
Жаратқан Ийе еситкен шығар ҳәм
усы еситкен сөзлери ушын оларды
жазалар. Сонлықтан тири қалған-
лар ушын дуўа ет».
[5] Патша Хизкияның хызметкер-
лери патшаның сөзлерин Ийшаяға
жеткизгенде, [6] Ийшая оларға бы-
лай деди:
– Мырзаңызға былай деп айтың-
лар: «Жаратқан Ийе былай дейди:
Ассирия патшасының хызметкер-
лериниң Мени масқаралап айтқан
сөзлеринен, яғный өзиң еситкен
сөзлерден қорқпа. [7] Мине, Мен оған
бир руўх жиберемен. Сонда ол бир
хабар еситип, өз елине қайтып ке-
теди. Мен оны өз елинде қылыш
пенен өлтиртемен».
[8] Ассирия патшасының бас ўәзи-
ри изине қайтып, өз патшасын Либ-
на қаласына қарсы урысып атырған
жеринен тапты. Себеби ол Асси-
рия патшасының Лахиштен ше-
гингенин еситкен еди. [9] Ассирия
патшасы Хабаштан патшасы Тир-
ҳақаның өзине қарсы урысқа ат-
ланғанын еситип, Хизкияға және
елшилерин жиберип былай деди:
[10] – Яҳуда патшасы Хизкияға
былай деп айтыңлар: «Сүйенген
Қудайың сени: „Ерусалим Асси-
рия патшасына тәслим болмай-
ды“, – деп алдамасын. [11] Ассирия
патшаларының барлық еллерди
жер менен жексен етип, нелер ис-
легенин еситкен шығарсаң?! Ен-
ди сен қутылып қалмақшымысаң?
[12] Ата-бабаларым ўайран еткен Го-
зан, Харан, Ресеф ҳәм Телассарда-
ғы Эденде жасаған халықлардың
қудайлары оларды қутқара алды
ма? [13] Хамат ҳәм Арпад патшалары
қәне? Сефарўайым, Ҳена ҳәм Иўўа
қалаларының патшалары қәне?»

### Хизкияның дуўасы

[14] Хизкия хатты елшилердиң
қолынан алып оқығаннан соң,
Жаратқан Ийениң Үйине барды ҳәм
хатты Жаратқан Ийениң алдына
жайып қойды. [15] Кейин Жаратқан

Ийениң алдында дуўа етип, былай деди:
– Керублар[a] арасында тахтта отырған Израилдың Қудайы Жаратқан Ийе! Сен пүткил дүнья патшалықларының жалғыз Қудайысаң! Аспан ҳәм жерди Сен жаратқансаң.
16 Жаратқан Ийе, қулақ салып, есит, көзлериңди ашып, көр. Тири Қудайды ақыретлеў ушын Санхерибтиң айтып жиберген сөзлерин есит.
17 Жаратқан Ийе, ырасында да, Ассирия патшалары халықларды ҳәм олардың жерлерин ўайранлады.
18 Олардың қудайларын отқа таслап, жоқ қылды. Бирақ олар ҳақыйқатында қудайлар емес, ал ағаштан ҳәм тастан адам қолы менен исленген нәрселер еди.
19 Қудайымыз Жаратқан Ийе, бизлерди Санхерибтиң қолынан қутқара гөр. Сонда пүткил дүнья патшалықлары, о, Жаратқан Ийе, жалғыз Сениң Қудай екениңди биледи.

### Ийшаяның пайғамбаршылығы

20 Соңынан Амос улы Ийшая пайғамбар Хизкияға мынадай хабар жиберди: «Израилдың Қудайы Жаратқан Ийе былай дейди: Ассирия патшасы Санхериб ҳаққында Маған еткен дуўаңды еситтим.
21 Ол туўралы Мен, Жаратқан Ийе былай деймен:

Пәк қыз Сион, сени кемситип,
үстиңнен күлер,
Қыз Ерусалим, сениң изиңнен
бас шайқар.
22 Сен кимди ақыретлеп, кимди
мазақладың?
Кимге даўыс көтерип сөйлеп,
кимге менменсип
қарадың?
Маған – Израилдың
Мухаддесине!
23 Елшилериң арқалы Мени
ақыретлеп былай дедиң:
„Сансыз саўаш арбаларым
менен таўлардың бийик
шыңына,
Лебанон таўларының узақ
жанбаўырларына шықтым,
Бийик кедр ағашларын, жақсы
сәрўи ағашларын кестим.
Оның ең төрине, ең қалың
тоғайына бардым.
24 Мен қудықлар қаздым ҳәм жат
еллердиң суўларын иштим,
Мысырдың барлық
дәрьяларын табаным
менен қурыттым“.

25 Бирақ буның ҳәммесин
бурыннан жобаластырып,
Әййемги күнлерден ойлап
қойғанымды еситпеген бе
едиң?
Ҳәзир Мен соны орынладым.
Сонлықтан сен қорғанлы
қалаларды қарабақанаға
айландыра алдың.
26 Сонда қол-қанаты қырқылды
қала халқының,
Қорқып, уятқа қалды.
Олар даладағы көк шөпке, жаңа
шыққан нәзик шөпке,
Тамның басындағы, шықпай
атырып өрт шалған шөпке
уқсап қалды.

---

a **19:15** *Керуб* – қанатлы руўхый барлық.

27 Мен сениң отырыс-
турысыңды, қашан келип-
кететуғыныңды,
Маған деген ғәзебиңди,
ҳәммесин билемен.
28 Маған деген ғәзебиң ушын,
Тәкаббирлигиң қулағыма
жетип келгени ушын,
Ҳалқамды мурныңнан өткизип,
Суўлығымды аўзыңа тағаман.
Сени келген жолың менен
изиңе қайтараман.

29 Ҳәй, Хизкия! Сен ушын белги
мынаў болады:
Усы жылы шашылған дәннен
өскен өнимди жейсиз,
Келеси жылы соның орнына
өскен өнимди азық
қыласыз,
Ал үшинши жылы дән сеўип,
өним аласыз,
Жүзим бағларын отырғызып,
олардың мийўесинен
жейсиз.
30 Яҳуда халқының қутылып
қалғанлары жерге тамыр
жайып,
Жоқарыда мийўе береди.
31 Себеби тири қалғанлар
Ерусалимнен,
Қутылғанлар Сион таўынан
келип шығады.
Буны Әлемниң Жаратқан Ийеси,
Өз қызғаншақлығы менен
жүзеге асырады.
32 Сонлықтан Жаратқан Ийе
Ассирия патшасы туўралы
былай дейди:
Ол бул қалаға кирмейди, оқ та
атпайды,
Қалаға жақынламас қалқаны
менен,
Қала дийўалына топырақ та
үйдирмейди.
33 Келген жолы менен қайтады,
қалаға кирмейди.
Бул – Жаратқан Ийениң
айтқаны!
34 Мен Өзим ушын ҳәм қулым
Даўыттың ҳүрмети ушын,
Бул қаланы қорғап,
қутқараман».

35 Сол күни түнде Жаратқан Ийе-
ниң периштеси ассириялылардың
ордасына барып, бир жүз сексен бес
мың адамды қырып таслады. Азан-
да оянып қарағанлар ҳәмме жердиң
өликлерге толып кеткенин көрди.
36 Сонда Ассирия патшасы Санхериб
орданы таслап, изине қайтты. Ол Ни-
невияға қайтып келип, сол жерде жа-
сап қалды. 37 Бир күни ол өз қудайы
Нисрохтың бутханасында табынып
атырғанда, уллары Адраммелех пе-
нен Саресер оны қылыш пенен өл-
тирди ҳәм өзлери Арарат үлкесине
қашып кетти. Санхерибтиң орны-
на улы Эсар-Хаддон патша болды.

### Хизкияның қәстелениўи ҳәм шыпаланыўы

20 1 Сол күнлери Хизкия
аўырып, өлим төсегинде
жатты. Сонда Амос улы Ийшая
пайғамбар оған келип былай деди:
– Жаратқан Ийе былай дейди:
«Үй-ишиңе ўәсиятнамаңды қал-
дырып, ырзаласа бер, себеби тә-
ўир болмайсаң, өлесең».
2 Хизкия жүзин дийўалға қара-
тып, Жаратқан Ийеге дуўа етип:
3 – О, Жаратқан Ийе! Алдыңда
мениң шын жүректен садықлық
пенен жасағанымды ҳәм нәзеринде

туўры ислерди ислеп жүргенимди
еслей гөр! – деди ҳәм өксип-өксип
жылады.
4 Ийшая еле сарайдың ортаңғы
ҳәўлисинен шығып кетпей аты-
рып, оған Жаратқан Ийеден мы-
надай сөз түсти:
5 – Изиңе қайтып, Мениң хал-
қымның ҳүкимдары Хизкияға
мына хабарды жеткиз: «Бабаң Да-
ўыттың Қудайы Жаратқан Ийе бы-
лай дейди: Дуўаңды еситтим, көз
жасларыңды көрдим. Мине, Мен
сени шыпалайман. Сен үшинши
күни Жаратқан Ийениң Үйине ба-
расаң. 6 Өмириңди он бес жылға
узайтаман. Өзиңди де, бул қаланы
да Ассирия патшасының қолынан
қутқараман. Өзим ушын ҳәм қулым
Даўыттың ҳүрмети ушын бул қа-
ланы қорғайман».
7 Ийшая патшаның адамларына:
– Кептирип нығызланған әнжир
алып келиңлер, – деди.
Оны әкелип, жараға қойғанда, ол
саўалып кетти. 8 Хизкия Ийшаядан:
– Жаратқан Ийениң мени са-
ўалтатуғынын ҳәм үшинши күни
Жаратқан Ийениң Үйине барату-
ғынымды қандай белги арқалы би-
лемен? – деп сорады. 9 Ийшая оған:
– Жаратқан Ийениң Өз сөзин
орынлайтуғынын билдиретуғын
белги мынаў: текшеге түсип турған
сая он адым алдыға жылжысын ба
ямаса он адым артқа жылжысын
ба? – деди. 10 Хизкия Ийшаяға:
– Саяның алдыға он адым жыл-
жыўы аңсат. Сая он адым артқа
жылжысын, – деди. 11 Ийшая пай-
ғамбар Жаратқан Ийеге жалбарын-
ды. Сонда Жаратқан Ийе патша
Ахаз соқтырған текшениң үстине
түсип турған саяны он адым арт-
қа жылжытты.

### Хизкияның ақылсызлығы

12 Сол арада Хизкияның аўырып
қалғанын еситкен Бабилония пат-
шасы Баладан улы Меродах-Бала-
дан Хизкияға хатлар ҳәм саўғалар
жиберди. 13 Хизкия елшилерди қа-
был етти ҳәм оларға өз қазнасын-
дағы затлардың ҳәммесин: гүмис
ҳәм алтынларын, хош ийисли зат-
ларын, қымбатбаҳа майларын, қу-
рал-жарақ сақланатуғын бөлмесин
көрсетти. Хизкияның сарайында
да, патшалығында да оларға көр-
сетилмеген ҳеш нәрсе қалмады.
14 Сонда пайғамбар Ийшая патша
Хизкияның жанына келип, оған:
– Бул адамлар сизге не деди? Олар
қай жақтан келипти? – деп сорады.
Хизкия оған:
– Олар узақ елден, Бабилониядан
келген, – деп жуўап берди.
15 Ийшая:
– Олар сарайыңызда нелерди көр-
ди? – деп сорады. Хизкия:
– Сарайымдағы ҳәмме нәрсени
көрди. Қазнамда оларға көрсет-
пеген ҳеш нәрсем қалмады, – деп
жуўап берди. 16 Сонда Ийшая Хиз-
кияға былай деди:
– Онда Жаратқан Ийениң сөзин
еситиң: 17 «Сарайыңдағы ҳәмме
нәрсе ҳәм ата-бабаларыңның усы
күнге шекем жыйнаған ҳәмме нәр-
сеси Бабилонға алып кетилетуғын
күн келеди, ҳеш нәрсе қалмайды, –
дейди Жаратқан Ийе. 18 – Сениң
нәсилиңнен болған айырым урпақ-
ларың да алып кетилип, Бабилония
патшасының сарайында хызметши
болады». 19 Хизкия Ийшаяға:

– Жаратқан Ийениң сиз арқалы
айтқан сөзлери жақсы сөзлер, –
деди. Себеби ол ишинен: «Ҳеш
болмағанда мениң заманымда ты-
нышлық ҳәм абаданшылық бола-
ды», – деп ойлады.
[20] Хизкияның басқа ислери, бар-
лық қаҳарманлықлары, ол қур-
ғызған ҳәўиз, суў өткеллери ҳәм
қалаға қалай суў апарғанлары Яҳу-
да патшаларының жылнама кита-
бында жазылған. [21] Хизкия өлип,
ата-бабаларына қосылды. Оның
орнына улы Менашше патша болды.

### Яҳуда патшасы Менашше

21
[1] Менашше он еки жасын-
да патша болды ҳәм Еру-
салимде елиў бес жыл патшалық
етти. Оның анасының аты Хефсиба
еди. [2] Ол Жаратқан Ийениң Израил
халқының алдынан қуўып жибер-
ген халықлардың жеркенишли жа-
ман ислерине еликлеп, Жаратқан
Ийениң нәзеринде жаўыз болған
ислерди иследи. [3] Әкеси Хизкия
жоқ қылған сыйыныў орынларын
қайта тикледи. Израил патшасы
Ахабқа уқсап, Баалға арнап қур-
банлық орынлар қурды, кийели
ағаш орнатты ҳәм пүткил аспан де-
нелерине табынып, оларға хызмет
етти. [4] Менашше Жаратқан Ийе-
ниң Үйине, яғный Жаратқан Ийе-
ниң: «Мен Ерусалимде Өз атымды
орнатаман», – деген Үйине бас-
қа қудайларға арнап, қурбанлық
орынлар қурдырды. [5] Ол Жаратқан
Ийениң Үйиниң еки ҳәўлисине де
барлық аспан денелерине арнап
қурбанлық орынлар қурды. [6] Ол өз
улын отта жандырып қурбанлық-
қа берди, пал ашты, белгилерди
жорыды, әрўақ ҳәм руўхларды ша-
қырыўшыларға мәсләҳәт салды.
Ол Жаратқан Ийениң нәзеринде
жаўыз болған ислерди ислеп, Оны
ғәзеплендирди. [7] Менашше өзи
ислеткен Ашера бутын Жаратқан
Ийениң Үйине қойды. Жаратқан
Ийе Даўытқа ҳәм оның улы Су-
лайманға: «Бул Үйде ҳәм Израил
урыўлары арасынан таңлап алған
қалам Ерусалимде атымды мәңги-
ге орнатаман. [8] Егер олар Мениң
буйрықларымды ҳәм қулым Муў-
са буйырған барлық Нызамларды
муқыятлы түрде орынлап жасаса,
онда Израил халқын өзлериниң
ата-бабаларына берген жерден қу-
ўып шығармайман», – деген еди.
[9] Бирақ халық қулақ аспады. Ме-
нашшениң халықты жолдан азғыр-
ғаны соншелли, Жаратқан Ийениң
Израил халқының алдынан жоқ
қылған халықларынан да көбирек
жаманлықлар иследи.
[10] Жаратқан Ийе Өз қуллары бол-
ған пайғамбарлар арқалы былай
деди: [11] «Яҳуда патшасы Менашше
өзинен бурын сол жерде жасаған
амор халқынан да жаманырақ жер-
кенишли ислерди ислегени, өз бут-
лары менен яҳудалыларды гүнаға
баслағаны ушын, [12] Израилдың
Қудайы Жаратқан Ийе былай дей-
ди: „Мен Яҳуда елиниң ҳәм оның
бас қаласы Ерусалимниң басына
еситкен адамның жүрегин суўла-
татуғын бир апатшылық жаўды-
раман. [13] Самарияға қолланған
өлшеў жибин ҳәм Ахабтың үй-
ишине қолланған өлшемди Еру-
салимге де қолланаман. Табақты
сыпырып, төңкерип қойғаны сияқ-
лы, Ерусалимди де солай сыпырып

тазалайман. 14 Халқымның қалған-
ларынан жүз бураман, оларды душ-
панларының қолына тапсыраман.
Душпанлары оларды тонап, талан-
тараж етеди. 15 Себеби олар Мениң
нәзеримде жаўыз болған ислерди
иследи ҳәм ата-бабалары Мысыр-
дан шыққан күннен усы күнге де-
йин Мениң ғәзебимди келтирди“».
16 Менашше Жаратқан Ийениң
нәзеринде жаўыз болған ислер-
ди ислеп, яҳудалыларға ислеткен
гүнасына қоса, жүдә көп айып-
сыз қан төгип, Ерусалимди басы-
нан аяғына шекем қанға батырды.
17 Менашшениң басқа ислери, ол
ислеген барлық ислер ҳәм ол исле-
ген гүналар ҳаққында Яҳуда пат-
шаларының жылнама китабында
жазылған. 18 Менашше өлип, ата-
бабаларына қосылды ҳәм сарай-
дың Узза деп аталатуғын бағына
жерленди. Оның орнына улы Амон
патша болды.

### Яҳуда патшасы Амон

19 Амон жигирма еки жасын-
да патша болып, Ерусалимде еки
жыл патшалық етти. Анасының
аты Мешуллемет болып, ол иотба-
лы Харустың қызы еди. 20 Амон да
әкеси Менашшеге уқсап, Жаратқан
Ийениң нәзеринде жаўыз болған
ислерди иследи. 21 Ол әкесиниң
жолынан жүрди, әкеси табынған
бутларға хызмет етип, оларға та-
бынды. 22 Амон ата-бабаларының
Қудайы Жаратқан Ийени тәрк етти,
Оның жолынан жүрмеди.
23 Патша Амонның хызметшиле-
ри оған қарсы тил бириктирип, оны
өз сарайында өлтирди. 24 Бирақ үл-
ке халқы патша Амонға қарсы тил
бириктиргенлердиң ҳәммесин өл-
тирди ҳәм оның орнына улы Ио-
шияны патша етип қойды.
25 Амон ислеген басқа ислер Яҳуда
патшаларының жылнама китабын-
да жазылған. 26 Амон Узза бағын-
дағы өз қәбирине жерленди. Оның
орнына улы Иошия патша болды.

### Яҳуда патшасы Иошия

22 1 Иошия сегиз жасында пат-
ша болып, Ерусалимде отыз
бир жыл патшалық етти. Оның ана-
сының аты Едида болып, ол бос-
қатлы Адаяның қызы еди. 2 Иошия
Жаратқан Ийениң нәзеринде туўры
болған ислерди иследи ҳәм оңға да
солға да бурылмай, бабасы Даўыт-
тың жолынан жүрди.
3 Патша Иошия өз патшалығы-
ның он сегизинши жылында, Ме-
шулламның ақлығы Асалияның
улы хаткер Шафанды Жаратқан
Ийениң Үйине жиберип, оған бы-
лай деди:
4 – Бас руўханий Хилкияға
бар. Ол босағадағы қадағалаўшы
руўханийлер халықтан жыйнап,
Жаратқан Ийениң Үйине алып кел-
ген гүмислерди есаплап шықсын.
5 Кейин оны Жаратқан Ийениң
Үйиниң ишиндеги ислерди бақлаў
ушын тайынланған адамларға бер-
син. Олар буны Жаратқан Ийениң
Үйиниң бузылған жерлерин дүзе-
тиўшилерге, 6 усталарға, қурылыс-
шыларға, тас өриўшилерге төлесин
ҳәм Үйди дүзетиўге керекли болған
ағашларды ҳәм жонылған таслар-
ды сатып алыўға жумсасын. 7 Деген
менен, оларға берилген гүмистиң
есабы талап етилмесин, өйткени
олар ҳадал ислейди.

8 Бас руўханий Хилкия хаткер
Шафанға:
– Мен Жаратқан Ийениң Үйинен
Нызам китабын таптым, – деп, ки-
тапты Шафанға берди. Шафан ки-
тапты оқыды. 9 Соңынан хаткер
Шафан патшаға:
– Қулларыңыз Үйден табылған
гүмислерди алып, оны Жаратқан
Ийениң Үйиндеги ислерди алып
барыўшыларға тапсырды, – деген
хабар алып келди. 10 Соңынан ол:
– Руўханий Хилкия маған бир ки-
тап берди, – деди ҳәм китапты пат-
шаға оқып берди. 11 Патша Нызам
китабындағы сөзлерди еситкенде,
кийимлерин жыртты. 12 Ол руўха-
ний Хилкияға, Шафан улы Ахи-
қамға, Михая улы Ахборға, хаткер
Шафанға ҳәм өз хызметшиси Асая-
ға былай деп буйырды:
13 – Барып, табылған бул китап-
тың сөзлери ҳаққында мен ушын,
халық ушын ҳәм пүткил Яҳуда
ушын Жаратқан Ийениң еркин со-
раңлар. Ата-бабаларымыздың бул
китаптың сөзлерине қулақ аспаға-
ны ҳәм онда бизлер ушын жазыл-
ған бул сөзлерге сай жасамағаны
себепли, Жаратқан Ийениң биз-
лерге қарсы лаўлаған ғәзеби уллы.
14 Руўханий Хилкия, Ахиқам, Ах-
бор, Шафан ҳәм Асая барып, Хар-
хастың ақлығы Тиқўаның улы
болған мухаддес кийимлерге қа-
раўшы Шаллумның ҳаялы пайғам-
бар Хулда менен сөйлести. Хулда
Ерусалимниң таза бөлиминде жа-
сайтуғын еди.
15 Ҳаял оларға былай деди:
– Израилдың Қудайы Жаратқан
Ийе сизлерди маған жиберген
адамға былай деп айтыңлар деп
атыр: 16 «Жаратқан Ийе былай дей-
ди: „Яҳуда патшасының оқыған
китабында жазылғанындай, бул
жерге де, бул жерде жасайтуғын
халықтың басына да апатшылық
жаўдыраман. 17 Олар мени тәрк
етти ҳәм басқа қудайларға түтет-
ки түтетип, пүткил ислери ме-
нен Мениң ғәзебимди келтирди.
Сонлықтан бул жерге қарсы ғәзе-
бим лаўлады ҳәм ол сөнбейди“».
18 Жаратқан Ийениң еркин сораў
ушын сизлерди жиберген Яҳуда
патшасына былай деп айтыңлар:
«Сен еситкен сөзлер туўралы Из-
раилдың Қудайы Жаратқан Ийе
былай дейди: 19 „Бул жер ҳәм бул
жерде жасайтуғынлардың ўайран
етилиўге ҳәм нәлетке ҳүким етил-
гени ҳаққында Мениң сөзлеримди
еситкенде, жүрегиң езилди ҳәм Ма-
ған бойсындың. Сен кийимлеринди
жыртып, Мениң алдымда жыла-
ғанлықтан, Мен де сени еситтим.
20 Сонлықтан Мен сени ата-баба-
ларыңа қосаман, тынышлық пенен
қәбирге қойыласаң. Мен бул жерге
жаўдыратуғын ҳеш бир апатшы-
лықты сениң көзиң көрмейди“».
Олар бул хабарды патшаға жет-
кизди.

## Иошияның бутпаразлықты жоқ қылыўы

**23** 1 Патша Иошия адам жи-
берип, Яҳуда ҳәм Ерусa-
лимниң барлық ақсақалларын өз
жанына топлады. 2 Соңынан ол
пүткил Яҳуда менен пүткил Ерусa-
лим турғынларын, руўханийлерди,
пайғамбарларды, кишкенесинен
үлкенине дейинги пүткил халықты
ертип, Жаратқан Ийениң Үйине

барды. Патша Жаратқан Ийениң
Үйинен табылған Келисим кита-
бын басынан аяғына дейин олар-
ға даўыслап оқып берди. 3 Кейин
патша сүтинниң жанындағы ар-
наўлы орнында турып, Жаратқан
Ийениң алдында келисим дүзди.
Ол Жаратқан Ийениң жолы ме-
нен жүрип, Оның буйрықларын,
қарарларын, қағыйдаларын шын
жүректен, жан-тәни менен орын-
лаўға, усы китапта жазылған кели-
сим сөзлерине әмел қылыўға ант
ишти. Пүткил халық та келисимге
қосылды.

4 Соннан соң, патша бас руўха-
ний Хилкияға, екинши дәрежели
руўханийлерге ҳәм босағадағы қа-
дағалаўшы руўханийлерге Баал-
ға, Ашераға ҳәм пүткил аспан
денелерине арнап исленген ҳәм-
ме нәрселерди Жаратқан Ийениң
Ибадатханасынан алып шығыўды
буйырды. Оларды Ерусалимниң
сыртындағы Кидрон ойпатлы-
ғында өртетип, күлин Бейт-Элге
апарғызды. 5 Патша Яҳуда қалала-
рында ҳәм Ерусалим әтирапында-
ғы сыйыныў орынларында түтетки
түтетиў ушын Яҳуда патшалары тә-
репинен тайынланған бутқа хыз-
мет етиўши руўханийлерди, Баалға,
қуяшқа, айға, жулдызларға ҳәм
пүткил аспан денелерине арнап
түтетки түтеткенлерди жоқ қылды.
6 Кийели ағашты Жаратқан Ийе-
ниң Үйинен Ерусалимниң сыртына,
Кидрон сайына шығарды. Оны сол
жерде жағып, күл-талқан етти ҳәм
күлин улыўма халықлық қәбирлер-
диң үстине шашты. 7 Бузықшылық
ислеўши еркеклердиң Жаратқан
Ийениң Үйиндеги үйлерин бузып
таслады. Ол жерде ҳаяллар Ашера
бутына арнап, кийимлер тоқый-
туғын еди.

8 Иошия Яҳуда қалаларындағы
ҳәмме руўханийлерди жыйнап,
Ерусалимге алып келди. Кейин Ге-
бадан Беер-Шебаға шекемги ара-
лықтағы руўханийлер түтетки
түтетип, сыйынатуғын орынлар-
ды ҳарамлады. Қала ҳәкими болған
Ешуаның дәрўазасына кирер аўыз-
дағы сыйыныў орынларын да жоқ
қылды. Бул дәрўаза қала дәрўаза-
сының шеп тәрепинде еди. 9 Сыйы-
ныў орынларының руўханийлери
Ерусалимдеги Жаратқан Ийениң
қурбанлық орнында қурбанлық бе-
ре алмаса да, олар өз кәсиплеслери
болған руўханийлер менен ашыт-
қысыз нан жейтуғын еди.

10 Иошия ҳеш кимниң қудай Мо-
лохқа арнап өз улын яки қызын от-
та жандырмаўы ушын, Бен-Ҳинном
ойпатлығындағы Тофетти[a] де ҳа-
рамлап, жарамсыз аўҳалға келтир-
ди. 11 Ол Жаратқан Ийениң Үйиниң
кирер алдына, сарай хызметши-
си Натан-Мелехтиң бөлмесиниң
қасына Яҳуданың бурынғы пат-
шаларының қуяшқа арнап қой-
дырған атларының мүсинлерин
алып таслап, олардың арбаларын
отта жандырды.

12 Иошия Ахаздың жоқарыдағы
бөлмесиниң тамының басында-
ғы Яҳуданың бурынғы патшалары
қурдырған қурбанлық орынла-
рын да, Жаратқан Ийениң Үйиниң
еки ҳәўлисиндеги Менашшениң

---

a **23:10** *Тофет* – қудай Молохқа арнап балаларды жандыратуғын орын.

қурдырған қурбанлық орынла-
рын да буздырды. Оларды майда-
лап езип, Кидрон сайына шашып
жиберди. 13 Және ол Ерусалимниң
шығысына, Зәйтүн таўының қубла-
сына Израил патшасы Сулайман-
ның сидонлылардың жеркенишли
буты Аштарта, моаблылардың
жеркенишли буты Кемош ҳәм
аммонлардың жеркенишли буты
Милкомға арнап қурдырған сыйы-
ныў орынларын ҳарамлады. 14 Ио-
шия кийели тасларды күл-талқан
етип, кийели ағашларды кесип тас-
лады ҳәм олардың орынларын адам
сүйегине толтырды.
15 Буннан тысқары, Израилды гү-
наға баслаған Набат улы Яробам
қурдырған Бейт-Элдеги сыйыныў
орнын ҳәм қурбанлық орнын[a] жоқ
қылды. Ол сыйыныў орнын жағып
жиберип, күлин көкке суўырды,
кийели ағашты да жағып жибер-
ди. 16 Иошия айналасына қарап,
таў үстиндеги қәбирлерди көрди.
Ол адамларын жиберип, қәбирдеги
сүйеклерди алдыртты ҳәм оларды
қурбанлық орынның үстинде жа-
ғып жиберип, қурбанлық орынды
ҳарамлады. Бул Жаратқан Ийениң
Қудайдың адамы арқалы алдын ала
айтқан сөзлери[b] бойынша болды.
17 Иошия:
– Ана жердеги қулпы тас кимди-
ки? – деп сорады.
Қала турғынлары оған:
– Яҳудадан келген Қудайдың
адамының қәбири. Ол Бейт-Эл-
деги қурбанлық орында ҳәзир сиз
ислеген ислер туўралы алдын ала
жәриялаған еди, – деп жуўап берди.
18 Сонда патша:
– Оған тиймеңлер, ҳеш ким оның
сүйеклериниң тынышын алма-
сын, – деди. Солай етип, оның сү-
йеклерине де, Самариядан келген
пайғамбардың сүйеклерине де ҳеш
ким тиймеди.
19 Израил патшалары Жаратқан
Ийениң ғәзебин келтирип, Са-
мария қалаларындағы сыйыныў
орынларына бутханалар қурдыр-
ған еди. Иошия Бейт-Элде исле-
генлерин бул жерде де ислеп, бул
бутханаларды да қыйратып тас-
лады. 20 Ол сол жердеги сыйыныў
орынларының руўханийлерин қур-
банлық орын үстинде баўызлап,
сол жерде адам сүйеклерин жан-
дырды ҳәм соңынан Ерусалимге
қайтып келди.

## Иошияның Қутқарылыў байрамын өткериўи

21 Патша Иошия пүткил халық-
қа: «Қудайыңыз Жаратқан Ийеге
арнап Қутқарылыў байрамын мы-
на Келисим китабында жазылғаны
бойынша байрамлаңлар», – деп
буйрық берди. 22 Себеби Израил-
да бийлер басқарған дәўирден бас-
лап, Израил ҳәм Яҳуда патшалары
басқарған дәўир бойы Қутқарылыў
байрамы усылай байрамланбаған
еди. 23 Жаратқан Ийеге арналған
бул Қутқарылыў байрамы Иошия-
ның патшалығының он сегизинши
жылында, Ерусалимде болып өтти.

---

[a] **23:15** 3Пат 12:32-33.
[b] **23:16** 3Пат 13:1-3.

[24] Буннан басқа, Иошия руўха-
ний Хилкияның Жаратқан Ийениң
Үйинен тапқан китабында жазыл-
ған нызам сөзлерин орынлаў ушын,
Ерусалимде ҳәм Яҳуда жеринде
пайда болған барлық жеркенишли
ислерди: әрўақларды ҳәм руўхлар-
ды шақырыўшыларды, кийели мү-
синлерди ҳәм бутларды жоқ қылды.
[25] Иошиядан алдын да, оннан ке-
йин де оған уқсап Муўсаның ҳәм-
ме Нызамларына бойсынып, шын
жүреги, жан-тәни ҳәм бар күши
менен Жаратқан Ийеге жүз бур-
ған патша болмады.

[26] Бирақ Менашше өз ислери ар-
қалы Жаратқан Ийениң ғәзебин
келтиргени ушын, Ол Өзиниң Яҳу-
даға қарсы лаўлаған ғәзебинен ўаз
кешпеди. [27] Жаратқан Ийе былай
деди: «Израилды дәргайымнан қа-
лай қуўып шығарған болсам, Яҳу-
даны да солай қуўып шығараман.
Таңлап алған қалам Ерусалимнен
ҳәм „атым сол жерде болады“ де-
ген Үйден жүз бураман».

### Иошияның өлими

[28] Иошияның басқа ислери, ол
ислеген барлық ислер Яҳуда пат-
шаларының жылнама китабында
жазылған.

[29] Иошияның ҳүкимдарлығы ўақ-
тында, Мысыр фараоны Нехо Ас-
сирия патшасына жәрдем бериў
ушын, Евфрат дәрьясына қарай
жолға шықты. Патша Иошия да Не-
хоға қарсы жүрис қылды ҳәм олар
Мегиддода дусласқанда Нехо Ио-
шияны өлтирди. [30] Хызметшилери
Иошияның денесин арбаға салып,
Мегиддодан Ерусалимге алып кел-
ди ҳәм өз қәбирине жерледи. Үлке
халқы Иошияның улы Еҳоахазды
майлап, әкесиниң орнына патша
етип қойды.

### Яҳуда патшасы Еҳоахаз

[31] Еҳоахаз жигирма үш жасында
патша болып, Ерусалимде үш ай
патшалық етти. Оның анасының
аты Хамутал болып, ол либналы
Еремияның қызы еди. [32] Еҳоахаз
ата-бабалары сыяқлы Жаратқан
Ийениң нәзеринде жаўыз болған
ислерди иследи. [33] Еҳоахаздың Еру-
салимде патшалық етпеўи ушын,
фараон Нехо оны Хамат үлкесин-
де, Риблада тутқынға алды ҳәм үл-
ке халқына жүз талант гүмис ҳәм
бир талант алтын салық салды.
[34] Фараон Нехо Иошияның улы
Элякимди әкесиниң орнына пат-
ша етип қойды ҳәм атын өзгертип,
Еҳояким деп қойды. Ал Еҳоахазды
Мысырға алып келди ҳәм ол сол
жерде қайтыс болды. [35] Еҳояким
фараон талап еткен гүмис ҳәм ал-
тынды берди. Буның ушын ол үлке
халқына ҳәр бириниң мал-мүлкине
сай салық салып, халықтан гүмис
ҳәм алтын өндирип алды.

### Яҳуда патшасы Еҳояким

[36] Еҳояким жигирма бес жасында
патша болып, Ерусалимде он бир
жыл патшалық етти. Оның анасы-
ның аты Зебуда болып, ол румалы
Педаяның қызы еди. [37] Еҳояким
ата-бабалары сыяқлы, Жаратқан
Ийениң нәзеринде жаўыз болған
ислерди иследи.

## 24

[1] Яҳуда патшасы Еҳояким-
ниң патшалығы дәўиринде
Бабилония патшасы Набуходоносор

Яҳудаға ҳүжим жасады. Еҳояким
үш жыл оған бағынышлы болып,
соңынан оған қарсы бас көтерди.
2 Жаратқан Ийе Өз куллары болған
пайғамбарлар арқалы айтқан сөз-
лери бойынша, Яҳуданы жоқ етиў
ушын Бабилония, Арам, Моаб ҳәм
Аммон еллериниң басқыншы то-
парларын Яҳудаға жиберди. 3 Бу-
лардың ҳәммеси Жаратқан Ийениң
буйрығы бойынша Яҳуданың басы-
на түсти. Менашше ислеген барлық
гүналар себепли, Жаратқан Ийе
оны Өз дәргайынан қуўып шығар-
мақшы болды. 4 Себеби Жаратқан
Ийе Менашшениң айыпсыз қан тө-
гип, Ерусалимди айыпсызлардың
қанына толтырғанын кешириўди
қәлемеди.

5 Еҳоякимниң басқа ислери ҳәм
ол ислеген барлық ислер Яҳуда пат-
шаларының жылнама китабында
жазылған. 6 Еҳояким өлип, ата-ба-
баларына қосылды, орнына улы
Еҳоякин патша болды.

7 Мысыр патшасы енди өз же-
ринен сыртқа шықпады. Себеби
Бабилония патшасы Мысыр ше-
гарасындағы сайдан Евфрат дәрья-
сына шекемги Мысыр патшасына
тийисли барлық жерлерди басып
алған еди.

### Яҳуда патшасы Еҳоякин

8 Еҳоякин он сегиз жасында
патша болып, Ерусалимде үш ай
патшалық етти. Оның анасы еру-
салимли Элнатанның қызы Нехуш-
та еди. 9 Еҳоякин де әкеси сыяқлы
Жаратқан Ийениң нәзеринде жа-
ўыз болған ислерди иследи.

10 Сол ўақытлары Бабилония пат-
шасы Набуходоносордың әскерлери
Ерусалимге қарсы жүрис қылып,
қаланы қамал қылды. 11 Әскерле-
ри қаланы қамал қылғанда, Баби-
лония патшасы Набуходоносордың
өзи де қалаға келди. 12 Сонда Яҳуда
патшасы Еҳоякин анасы, ўәзирлери,
басшылары ҳәм сарай хызметши-
лери менен бирге Бабилония пат-
шасына тәслим болды. Бабилония
патшасы өз патшалығының сеги-
зинши жылында, Еҳоякинди тут-
қынға алды. 13 Жаратқан Ийениң
алдын ала айтқан сөзи бойынша,
Набуходоносор Жаратқан Ийениң
Үйиндеги ҳәм патша сарайындағы
ғәзийнелерди алып кетти. Израил
патшасы Сулайманның Жаратқан
Ийениң Ибадатханасы ушын ис-
леткен алтын буйымларының
ҳәммесин сындырды. 14 Ол және
пүткил Ерусалим турғынларын:
басшылардың, мәрт жаўынгер-
лердиң, усталардың ҳәм темир-
шилердиң барлығын, улыўма он
мың адамды сүргин етип алып кет-
ти. Үлкеде жарлы халықтан басқа
ҳеш ким қалмады.

15 Бабилония патшасы Набухо-
доносор Еҳоякинди Бабилонға
сүргин етти. Оның анасын, ҳа-
ялларын, сарай хызметшилерин
ҳәм үлкениң елбасшыларын да
Ерусалимнен Бабилонға сүргин
етти. 16 Буннан тысқары Бабило-
ния патшасы жети мың сайланды
әскерди, мың уста ҳәм темирши-
ни Бабилонға сүргин етти. Олар-
дың ҳәммеси урысқа жарамлы ҳәм
мәрт жаўынгерлер еди. 17 Бабило-
ния патшасы Еҳоякинниң орны-
на Еҳоякинниң әкесиниң иниси
Маттанияны патша етип қойды
ҳәм атын Седекия деп өзгертти.

### Яҳуда патшасы Седекия

18 Седекия жигирма бир жасын-
да патша болып, Ерусалимде он
бир жыл патшалық етти. Оның
анасының аты Хамутал болып, ол
либналы Еремияның қызы еди.
19 Еҳоякимге уқсап, Седекия да
Жаратқан Ийениң нәзеринде жаўыз
болған ислерди иследи. 20 Жаратқан
Ийе Ерусалим менен Яҳудаға ғәзеп-
ленгени ушын, оларды Өз дәргайы-
нан шығарып таслады.

### Ерусалимниң қулаўы

Седекия Бабилония патшасына
қарсы бас көтерди.

## 25

1 Седекияның патшалығы-
ның тоғызыншы жылының
онына айының онынша күни
Бабилония патшасы Набуходоно-
сор пүткил әскерлери менен Еру-
салимниң әтирапына келип, орда
қурды ҳәм қаланың айналасына
қамал минараларын қурды. 2 Со-
лай етип, Седекияның патшалы-
ғының он биринши жылына дейин
қала қамалда болды. 3 Сол жылғы
төртинши* айдың тоғызыншы кү-
ни қалада ашлықтың ҳәўиж алғаны
соншелли, үлке халқы бир тислем
нанға зар болды. 4 Сол ўақытта қа-
ла диййўалының бир жери бузылды.
Бабилония әскерлериниң қаланы
қамал қылып турғанына қарамас-
тан, барлық әскерлер түнде пат-
шаның бағының жанындағы еки
диййўал арасындағы дәрўаза арқалы
шығып, Иордан тегислигине қарай
қашып кетти. 5 Бирақ калдей әскер-
лери патшаны қуўып, Ерихо тегис-
лигинде изинен жетип алды. Ҳәмме
әскерлер патша Седекияны таслап,
қашып кетти. 6 Патшаны тутқын-
ға алып, оны Риблаға, Бабилония
патшасына апарды ҳәм сол жерде
оған ҳүким шығарылды. 7 Баби-
лонлылар Седекияның көз алдын-
да улларын баўызлады, ал өзиниң
көзлерин ойып алды. Соңынан ки-
сенлеп, Бабилонға алып кетти.

### Жаратқан Ийениң Ибадатханасының қулаўы

8 Бабилония патшасы Набухо-
доносордың патшалығының он
тоғызыншы жылының бесинши
айының жетинши күни Бабило-
ния патшасының хызметшиси,
сақшылар баслығы Набузарадан
Ерусалимге келди. 9 Ол Жаратқан
Ийениң Үйине, патша сарайына
ҳәм Ерусалимдеги үйлердиң ҳәм-
месине от берип, пүткил зәўлим
жайларды өртеп жиберди. 10 Сақ-
шылар баслығы менен бирге кел-
ген калдей әскерлери Ерусалимди
қоршап турған барлық диййўаллар-
ды қулатып таслады. 11 Сақшылар
баслығы Набузарадан қалада аман
қалғанларды, Бабилония патшасы
тәрепине өткен қашқынларды ҳәм
басқа әпиўайы халықты сүргин ет-
ти. 12 Жүзимгершилик ҳәм диййхан-
шылық пенен шуғылланыўы ушын,
Набузарадан үлкедеги жарлы ха-
лықтың бир қаншасын сол жерде
қалдырды.
13 Калдейлер Жаратқан Ийениң
Үйиндеги қола өрелерди, түбел-
дириклерди, қола ҳәўизди бө-
леклеп, қолаларды Бабилонияға
алып кетти. 14 Соның менен бирге,
олар хызмет етиў ўақтында қол-
ланылатуғын шоқ салынатуғын

ыдысларды, күл алатуғын белше-
лерди, пилик кескишлерди, түтет-
ки салатуғын тостағанларды ҳәм
барлық қола буйымларды алып
кетти. 15 Сақшылар баслығы алтын
ҳәм гүмистен исленген буйымлар-
дың ҳәммесин, шоқ салынатуғын
ыдысларды ҳәм қан себетуғын та-
бақларды алып кетти.

16 Жаратқан Ийениң Үйи ушын
Сулайман ислеткен еки өре, ҳәўиз
ҳәм түбелдириклер ушын кеткен
қоланың есабы жоқ еди. 17 Ҳәр бир
өрениң бийиклиги он сегиз шы-
ғанақ болып, үстинде қоладан ис-
ленген төбелик бар еди. Ҳәр бир
төбеликтиң бийиклиги үш шы-
ғанақ болып, айланасы қоладан
исленген шынжырлы торлар ҳәм
қуйма анарлар менен безелген еди.

### Яҳуда халқының Бабилонға сүргин етилиўи

18 Сақшылар баслығы Набузара-
дан бас руўханий Сераяны, екин-
ши дәрежели руўханий Сефанияны
ҳәм Ибадатхана босағасындағы қа-
дағалаўшы үш руўханийди тут-
қынға алды. 19 Және де, ол қалада
қалған әскерлерге әскербасы етип
қойылған сәркәрданы, қаладан та-
былған патшаның бес ўәзирин, үлке
халқын әскерликке шақырыў иси
менен шуғылланатуғын әскербасы-
ның хаткерин ҳәм ел турғынлары-
нан алпыс адамды тутқынға алды.
20 Сақшылар баслығы Набузара-
дан оларды Риблаға, Бабилония
патшасына алып барды. 21 Баби-
лония патшасы оларды Хамат же-
риниң Рибла қаласында өлтиртти.

Яҳуда халқы өз жеринен сүргин
етилди.

### Яҳуда ҳәкими Гедалия

22 Бабилония патшасы Набухо-
доносор Шафанның ақлығы Ахи-
қамның улы Гедалияны Яҳудада
қалған халық үстинен ҳәким етип
тайынлады. 23 Ҳәмме әскербасы-
лар ҳәм олардың адамлары Баби-
лония патшасының Гедалияны
ҳәким етип қойғанын еситкенде,
Миспа қаласына, Гедалияның жа-
нына келди. Келгенлер Нетания
улы Исмайыл, Қареах улы Юха-
нан, нетофалы Танхумет улы Се-
рая, маахалының улы Язания ҳәм
олардың адамлары еди. 24 Гедалия
оларға ҳәм олардың адамларына
ант ишип:

– Бабилонлы хызметкерлердиң
қол астында болыўдан қорқпаң.
Елге орналасып алып, Бабилония
патшасына хызмет етиң. Сон-
да сизлер ушын жақсы болады, –
деди.

25 Бирақ усы жылдың жетинши
айында патша нәсилинен болған
Элишаманың ақлығы Нетания-
ның улы Исмайыл он адамы ме-
нен Миспаға барып, Гедалияны
өлтирди. Олар Миспада Гедалия-
ның жанында болған Яҳуда хал-
қын да калдейлилер менен бирге
қылыштан өткерди. 26 Сонда киш-
кенесинен үлкенине дейин пүткил
халық калдейлилерден қорққаны-
нан әскербасылар менен бирге Мы-
сырға қашты.

### Еҳоякинниң азат етилиўи

27 Яҳуда патшасы Еҳоякинниң
сүргин етилгенине отыз жети жыл
болғанда, Бабилонға Эўил-Меро-
дах патша болды. Ол сол жылдың

он екинши айының жигирма же-
тинши күни Яҳуда патшасы Еҳо-
якинди қамақханадан шығарды.
28 Патша Еҳоякин менен жыллы
сөйлести ҳәм оған Бабилонға сүр-
гин етилген басқа патшалардан
жоқарырақ болған мәртебе берди.
29 Солай етип, Еҳоякин қамақтағы
кийимлерин өзгертти ҳәм өмири-
ниң ақырына дейин патша дас-
турханынан аўқат жеди. 30 Оның
күнделикли керек-жарағы өми-
рининң ақырына шекем патша тә-
репинен берилди.

# Биринши жылнама китабы

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Биринши жылнама ҳәм Екинши жылнама китапларында Израил халқының тарийхы баян етиледи. Еки китапта «Патшалар» китапларындағы көп ўақыялар тәкирарланса да, Израил тарийхы басқаша көз қарас пенен сәўлеленеди. «Патшалар» китаплары Израил халқы Бабилонияға сүргин етилген дәўирде жазылған болса, «Жылнама» китаплары халықтың сүргиннен өз ўатанына қайтқанынан соң жазылған. Сол себепли «Жылнама» китапларында урпақларға, патша Даўыт ҳәм патша Сулайманның ҳүкимдарлығы дәўирине, соның менен бирге, Қудайдың Үйиниң, яғный Ибадатхананың қурылысына байланыслы ўақыяларға айрықша итибар берилген. Усы арқалы автор сүргиннен қайтқан халықтың тәғдири өз өтмишине байланыслы екенин көрсетпекши болады, Қудайдың қылып атырған ислерин алғыслайды.

Бул китапта патша Даўыт бас қаҳарман. Ол Ерусалимди Қудайға сыйыныў орайына айландырады. Қудайға дурыс сыйыныўды өз халқына үйретеди. Ибадатхананы Даўыттың улы Сулайман қурған болса да, Даўыт Ибадатхананың тийкарын салыўшы сыпатында даңққа ийе болады. Ол Қудайға шын жүректен сыйынатуғын ҳәм бойсынатуғын инсан сыпатында үлги етип көрсетиледи.

Биринши жылнама китабының көп бөлиминде дизим берилген, бул дизимге Адам-атадан патша Шаул дәўирине дейин болған урпақлар киргизилген (1–9 баплар).

Шаулдың өлими ҳаққындағы хабардан кейин (10-бап), патша Даўытқа ҳүкимдарлық бериледи (11–29 баплар). Даўыт қандай патша болғаны ҳәм Ерусалимди пайтахт қылғаны ҳаққында айтылады. Даўыттың ләшкерлери ҳәм ләшкербасылары туўрысында мағлыўмат бериледи. Кейин Даўыт Келисим сандығын жаңа орынға, яғный Ерусалимге көширгени ҳаққында сөз етиледи. Китаптың ақырында Даўыт Ибадатхананы қурыў ушын қандай таярлық көргени ҳәм улы Сулайманға сыйыныў мәресимлерине байланыслы көрсетпелер бергени ҳаққында айтылады.

## Адам-атадан Ибрайымға дейинги урпақлар

**1** 1 Адам, Шет, Энош, 2 Кенан, Ма-
ҳалалел, Еред, 3 Энох, Метуше-
лах, Ламех ҳәм 4 Нух.
Нухтың уллары: Сам, Хам ҳәм
Яфет*.
5 Яфеттиң уллары: Гомер, Магог,
Мадай, Яўан, Тубал, Мешех ҳәм
Тирас.
6 Гомердиң уллары: Ашкеназ,
Рифат ҳәм Тогарма.
7 Яўанның уллары: Элиша, Тар-
шиш, Киттим ҳәм Роданим[a].
8 Хамның уллары: Куш, Мысыр,
Пут ҳәм Қанан.
9 Куштың уллары: Себа, Хаўила,
Сабта, Раама ҳәм Сабтеха.
Рааманың уллары: Шеба ҳәм
Дедан.
10 Куштың және Нимрод деген де
бир улы бар еди. Ол жер жүзин-
деги биринши күшли жаўынгер
болды.
11 Мысырдан луд, анам, леҳаб,
нафтух, 12 патрус, каслух ҳәм каф-
тор халықлары, ал каслух халқы-
нан филист халқы келип шықты.
13 Қананнан туңғыш улы Сидон,
кейин Хет туўылды. 14 Сондай-ақ,
ебус, амор, гиргаш, 15 хиў, арқ, син,
16 арўад, семар ҳәм хамат халықла-
ры да Қананнан келип шықты.
17 Самның уллары: Элам, Аш-
шур, Арпахшад, Луд, Арам, Ус,
Хул, Гетер ҳәм Мешех. 18 Арпах-
шадтан Шелах, Шелахтан Эбер
туўылды. 19 Эбердиң еки улы бо-
лып, олардың бириниң аты Пелег[b]
еди, өйткени сол ўақытта жерлер
бөлинген еди. Ал екиншисиниң
аты Иоқтан еди.
20 Иоқтаннан Алмодад, Ше-
леф, Хасармаўет, Ерах, 21 Ҳадорам,
Узал, Дикла, 22 Эбал, Абимаел,
Шеба, 23 Офир, Хаўила ҳәм Иобаб
туўылды. Булардың бәри Иоқтан-
ның уллары еди.
24 Сам, Арпахшад, Шелах,
25 Эбер, Пелег, Реу, 26 Серуг, Нахор,
Терах, 27 Ибрам, яғный Ибрайым.

### Ибрайымның урпақлары

28 Ибрайымның уллары: Ысақ ҳәм
Исмайыл. 29 Олардың шежиреси мы-
надай: Исмайылдың туңғыш улы Не-
байот. Оннан кейин, Кедар, Адбеел,
Мибсам, 30 Мишма, Дума, Масса, Ха-
дад, Тема, 31 Етур, Нафиш ҳәм Кед-
ма. Булар Исмайылдың уллары еди.
32 Ибрайымның тоқалы Қату-
радан туўылған уллары мыналар:
Зимран, Иоқшан, Медан, Мидян,
Ишбақ ҳәм Шуах.
Иоқшанның уллары: Шеба ҳәм
Дедан. 33 Мидянның уллары: Эфа,
Эфер, Ханох, Абида ҳәм Элдаа.
Булардың ҳәммеси Қатурадан та-
раған урпақлар еди.

### Эсаўдың урпақлары

34 Ысақ Ибрайымның улы еди.
Ысақтың уллары: Эсаў ҳәм Из-
раил.
35 Эсаўдың уллары: Элифаз, Реу-
ел, Еуш, Ялам ҳәм Қорах.
36 Элифаздың уллары: Теман,
Омар, Сефий, Гатам, Кеназ ҳәм
Тимнадан туўылған Амалек.

---

a **1:7** *Роданим* – усы ат Жар 10:4 Доданим.
b **1:19** *Пелег* – «бөлинип кетти» дегенди билдиреди.

37 Реуелдиң уллары: Нахат, Зе-
рах, Шамма ҳәм Мизза.

### Сеирдиң урпақлары

38 Сеирдиң уллары: Лотан, Шо-
бал, Сибон, Ана, Дишон, Эсер ҳәм
Дишан.
39 Лотанның уллары: Хорий ҳәм
Ҳомам. Тимна Лотанның қарын-
дасы еди.
40 Шобалдың уллары: Алиан,
Манахат, Эбал, Шефий ҳәм Онам.
Сибонның уллары: Айя ҳәм Ана.
41 Ананың улы: Дишон.
Дишонның уллары: Хамран,
Эшбан, Итран ҳәм Керан.
42 Эсердиң уллары: Билҳан, Заа-
ўан ҳәм Яақан.
Дишонның уллары: Ус ҳәм Аран.

### Эдом патшалары

43 Израилда патша болмастан бу-
рын, Эдом елинде төмендеги пат-
шалар ҳүкимдарлық етти: Беор
улы Бела. Оның қаласының аты
Динҳаба еди.
44 Бела өлгеннен кейин, оның
орнына Босра қаласынан болған
Зерах улы Иобаб патша болды.
45 Иобаб өлгеннен кейин, теман-
лылардың жеринен келген Хушам
патша болды.
46 Хушам өлгеннен кейин, Мо-
аб елинде мидянлыларды қый-
ратқан Бедад улы Ҳадад патша
болды. Оның қаласының аты
Аўит еди.
47 Ҳадад өлгеннен кейин, оның
орнына масреқалы Самла патша
болды.
48 Самла өлгеннен соң, оның ор-
нына дәрья бойындағы Рехобот-
тан болған Шаул патша болды.
49 Шаул өлгеннен соң, оның
орнына Ахбор улы Баал-Ханан
патша болды.
50 Баал-Ханан өлгеннен соң,
оның орнына Ҳадад патша бол-
ды. Оның қаласының аты Паий
еди. Ҳададтың ҳаялы Меҳетабел
Мезаҳабтың ақлығы Матредтиң
қызы еди. 51 Соңынан Ҳадад та
өлди.
Эдом бийлери мыналар: Тимна
бий, Алиа бий, Етет бий, 52 Оҳо-
либама бий, Эла бий, Пинон бий,
53 Кеназ бий, Теман бий, Мибсар
бий, 54 Магдиел бий ҳәм Ирам бий.
Эдом бийлери усылар еди.

### Израилдың уллары

**2** 1 Израилдың уллары мыналар:
Рубен, Шимон, Лебий, Яҳуда,
Иссахар, Зебулон, 2 Дан, Юсуп, Бен-
ямин, Нафталий, Гад ҳәм Ашер.

### Яҳуданың урпақлары

3 Яҳуданың уллары: Эр, Онан
ҳәм Шела. Яҳудаға бул үш улды
қананлы Шуаның қызы туўып
берди. Яҳуданың туңғыш улы Эр
Жаратқан Ийениң нәзеринде жа-
ўыз ис ислегени ушын, Жаратқан
Ийе оны өлтирди. 4 Яҳуданың ке-
лини Тамара да оған Перес пенен
Зерахты туўып берди. Яҳуданың
барлығы болып бес улы болды.
5 Перестиң уллары: Хесрон ҳәм
Хамул.
6 Зерахтың уллары: Зимрий,
Этан, Ҳеман, Калкол ҳәм Дара.
Олар барлығы болып бесеў еди.
7 Кармийдиң улы: бағышланған
нәрселерге қыянет ислеп, Израил-
ға апат әкелген Ахар.
8 Этанның улы: Азария.

[9] Хесронның уллары: Ерахмеел,
Рам ҳәм Келубай.
[10] Рамнан Амминадаб, Аммина-
дабтан Яҳуда урыўының көсеми
Нахшон туўылды. [11] Нахшоннан
Салма, Салмадан Боаз, [12] Боаздан
Обид, Обидтен Ишай туўылды.
[13] Ишайдың жети улы болды:
туңғышы Элиаб, екиншиси Абина-
даб, үшиншиси Шимеа, [14] төртин-
шиси Нетанел, бесиншиси Раддай,
[15] алтыншысы Осем, жетиншиси
Даўыт. [16] Олардың Серуя ҳәм Аби-
гайыл деген қарындасы болды.
Серуяның үш улы бар еди: Аби-
шай, Иоаб ҳәм Асаҳел. [17] Исмайыл
урпағынан болған Етерге турмысқа
шыққан Абигайыл Амасаны туўды.
[18] Хесронның улы Калебтиң
Азуба ҳәм Ериот деген ҳаяллары
болды. Оның Азубадан туўылған
уллары: Ешер, Шобаб ҳәм Ардон.
[19] Азуба өлгеннен кейин, Калеб
Эфратаға үйленди. Эфрата оған
Хурды туўып берди. [20] Хурдан
Урий туўылды. Урийден Бесалел
туўылды.
[21] Буннан соң, Хесрон Гиладтың
әкеси Махир деген адамның қызы
менен жатты ҳәм алпыс жасында
үйленген бул ҳаялы оған Сегубты
туўып берди. [22] Яир Сегубтың улы
еди. Яирдиң Гилад жеринде жи-
гирма үш қаласы бар еди. [23] Бирақ
Гешур менен Арам Яирге тийисли
қалаларды, сондай-ақ, Кенатты
ҳәм оның айланасындағы алпыс
қаланы басып алды. Бул жерлер-
де жасап атырған барлық халық
Гиладтың әкеси Махирдиң урпа-
ғынан еди.
[24] Хесрон Калеб-Эфратада қай-
тыс болғаннан соң, ҳаялы Абия
Ашхурды туўды. Ашхур Теқоа қа-
ласының тийкарын салған еди.

### Хесронның улы Ерахмеелдиң урпақлары

[25] Хесронның туңғыш улы Ерах-
меелдиң уллары: туңғыш улы Рам,
кейин Буна, Орен, Осем ҳәм Ахия.
[26] Ерахмеелдиң Атара деген бас-
қа бир ҳаялы болып, ол Онамның
анасы еди.
[27] Ерахмеелдиң туңғыш улы
Рамның уллары: Маас, Ямин ҳәм
Экер.
[28] Онамның уллары: Шаммай, Яда.
Шаммайдың уллары: Надаб,
Абишур. [29] Абишурдың Абиҳайыл
деген ҳаялы болып, усы ҳаялы
оған Ахбан менен Молидти туўып
берди.
[30] Надабтың уллары: Селед
ҳәм Аппайым. Селед бийперзент
дүньядан өтти.
[31] Аппайымның улы: Иший.
Ишийдиң улы: Шешан.
Шешанның улы: Ахлай.
[32] Шаммайдың туўысқаны Яда-
ның уллары: Етер ҳәм Ионатан.
Етер бийперзент дүньядан өтти.
[33] Ионатанның уллары: Пелет
ҳәм Заза. Булар Ерахмеелдиң ур-
пақлары еди.
[34] Шешанның улы болмай, тек
қызлары бар еди. Шешанның Яр-
ха деген мысырлы бир қулы бар
еди. [35] Шешан қызын қулы Ярхаға
ҳаяллыққа берди. Ҳаялы оған Ат-
тайды туўып берди.
[36] Аттайдан Натан туўылды.
Натаннан Забад, [37] Забадтан Эф-
лал, Эфлалдан Обид, [38] Обидтен
Еҳу, Еҳудан Азария, [39] Азариядан
Хелес, Хелестен Эласа, [40] Эласадан

Сисмай, Сисмайдан Шаллум,
41 Шаллумнан Еқамия, Еқамиядан
Элишама туўылды.

### Хесрон улы Калебтиң урпақлары

42 Ерахмеелдиң иниси Калебтиң
уллары: туңғыш улы Зифтиң әкеси
Меша ҳәм екиншиси Хебронның
әкеси Мареша болды.
43 Хебронның уллары: Қорах,
Таппуах, Рекем ҳәм Шема. 44 Ше-
мадан Рахам, Рахамнан Иорқоам
туўылды. Шеманың әжағасы
Рекемнен Шаммай туўылды.
45 Шаммайдан Маон, Маоннан
Бейт-Сур туўылды.
46 Калебтиң тоқалы Эфа оған Ха-
ран, Моса ҳәм Газезди туўып берди.
Харанның улының аты да Газез еди.
47 Яҳадайдың уллары: Регем,
Иотам, Гешан, Пелет, Эфа ҳәм
Шааф.
48 Калебтиң Мааха атлы басқа то-
қалы оған Шебер менен Тирхана-
ны туўып берди. 49 Мааха Мадман-
наның әкеси Шаафты ҳәм Махбена
менен Гибаның әкеси Шеўаны да
туўды. Калебтиң Ахса деген бир
қызы болды. 50 Булардың ҳәммеси
Калебтиң урпақлары еди.
Калебтиң ҳаялы Эфратадан ту-
ўылған туңғыш улы Хурдың ул-
лары: Кирят-Яримниң тийкарын
салған Шобал, 51 Бейтлеҳемниң
тийкарын салған Салма, Бейт-Га-
дердиң тийкарын салған Хареф.
52 Кирят-Яримниң тийкарын
салған Шобалдан Ҳарое тийреси,
Менухотта жасайтуғын халықтың
ярымы ҳәм 53 Кирят-Яримде мә-
кан басқан итер, пут, шумат, мишр-
ра тийрелери пайда болды. Бул
тийрелерден Сора менен Эштаол
турғынлары келип шықты.
54 Салмадан тараған урпақлар:
Бейтлеҳем, Нетофа, Атрот-Бейт-
Йоаб, Манахаттың ярымы ҳәм
Сора турғынлары, 55 Ябесте жа-
сайтуғын хаткерлердиң тират, ши-
меат ҳәм сухат тийрелери. Булар
Рехаб урпақларының бабасы Хам-
маттың нәсилинен келип шыққан
кен халқы болады.

### Даўыттың уллары

3 1 Даўыттың Хебронда туўылған
уллары мыналар: туңғышы изре-
елли Ахиноамнан туўылған Амнон,
екиншиси кармелли Абигайылдан
туўылған Даниел, 2 үшиншиси Гешур
патшасы Талмайдың қызы Мааха-
дан туўылған Абшалом, төртиншиси
Хаггиттен туўылған Адония, 3 бесин-
шиси Абиталдан туўылған Шефатия,
алтыншысы ҳаялы Эгладан туўылған
Итреам. 4 Даўыттың бул алты улы
Хебронда туўылды. Даўыт Хебронда
жети жыл алты ай, соңынан Еруса-
лимде отыз үш жыл патшалық қыл-
ды. 5 Даўыттың Ерусалимде туўылған
уллары: Шимеа, Шобаб, Натан ҳәм
Сулайман. Бул төртеўи Аммиелдиң
қызы Бат-Шуадан* туўылды. 6 Олар-
дан басқа Даўыттың Ибхар, Элиша-
ма, Элифелет, 7 Ногаҳ, Нефег, Яфиа,
8 Элишама, Эляда ҳәм Элифелет деген
тоғыз улы болды. 9 Булардың барлы-
ғы Даўыттың ҳаялларынан туўылған
уллары еди. Оның тоқалларынан ту-
ўылған уллары да болды. Даўыттың
Тамара деген қызы да бар еди.

### Сулайман патшаның урпағы

10 Рехабам Сулайманның улы еди.
Рехабамнан Абия, Абиядан Аса,

Асадан Еҳошафат, 11 Еҳошафаттан
Еҳорам, Еҳорамнан Ахазия, Аха-
зиядан Иоаш, 12 Иоаштан Амасия,
Амасиядан Азария[a], Азариядан
Иотам, 13 Иотамнан Ахаз, Ахаз-
дан Хизкия, Хизкиядан Менашше,
14 Менашшеден Амон, Амоннан Ио-
шия туўылды.
15 Иошияның уллары: туңғыш
улы Юханан, екиншиси Еҳояким,
үшиншиси Седекия, төртиншиси
Шаллум.
16 Еҳоякимниң уллары: Ехония[b]
ҳәм Седекия.
17 Бабилонда тутқын болған Ехо-
нияның уллары мыналар: Шеалти-
ел, 18 Малкирам, Педая, Шенассар,
Еқамия, Ҳошама ҳәм Недабия.
19 Педаяның уллары: Зеруббабел
ҳәм Шимей.
Зеруббабелдиң перзентлери: Ме-
шуллам, Ханания ҳәм қарындасы
Шеломит. 20 Зеруббабелдиң және
бес улы бар еди: Хашуба, Оҳел, Бе-
рехия, Хасадия ҳәм Юшаб-Хесед.
21 Хананияның уллары: Пелатия
ҳәм Ешая. Ешаядан Рефая, Рефая-
дан Арнан, Арнаннан Обадия, Оба-
диядан Шекания туўылды.
22 Шеканияның улы Шемая еди.
Шемаяның уллары: Хаттуш,
Игал, Бариах, Неария, Шафат –
барлығы болып алтаў.
23 Неарияның уллары: Элйоенай,
Хизкия, Азриқам – барлығы бо-
лып үшеў.
24 Элйоенайдың уллары: Ҳодаўия,
Эляшиб, Пелая, Аққуб, Юханан,
Делая ҳәм Ананий – барлығы бо-
лып жетеў.

### Яҳуданың урпақлары

**4** 1 Яҳуданың урпақлары: Перес,
Хесрон, Кармий, Хур ҳәм Шо-
бал. 2 Шобалдың улы Реая Яхаттың
әкеси еди. Яхат Ахумай менен Ла-
ҳадтың әкеси еди. Булар Сора тур-
ғынларының тийрелери еди.
3 Изреел, Ишма, Идбаш ҳәм олар-
дың қарындасы Ҳаселелпонийдиң
әкеси Этамның тийкарын салған
еди. 4 Пенуел Гедордың ҳәм Эзер
Хушаның тийкарын салған еди. Бу-
лар Бейтлеҳемниң тийкарын са-
лыўшылар ҳәм Эфратаның туңғыш
улы Хурдың урпақлары еди.
5 Теқоа қаласының тийкарын
салған Ашхурдың Хела ҳәм Наа-
ра деген еки ҳаялы бар еди. 6 Наара
Ашхурға Ахуззам, Хефер, Темени
ҳәм Ахаштарийди туўып берди. Бу-
лар Наараның уллары еди.
7 Ашхурдың Хеладан туўылған
уллары: Серет, Сохар, Этнан 8 ҳәм
Қос. Қос Ануб пенен Ҳассобебаның
әкеси ҳәм Ҳарум улы Ахархел тий-
релериниң түп бабасы еди.
9 Ябес деген бир адам туўысқан-
ларына қарағанда абырайлырақ
еди. Анасы: «Оны азап шегип туў-
дым», – деп, атын Ябес[c] қойған еди.
10 Ябес Израилдың Қудайына: «Қә-
некей, Сен мени жарылқап, жерле-
римди кеңейткениңде еди! Қолың
мениң үстимде болып, азап шек-
пеўим ушын, мени жаманлықтан

---

a **3:12** *Азария* – басқа аты Уззия. 4Пат 15:13 қараң.
b **3:16** *Ехония* – Еҳоякинниң басқа аты, және де 17-аятта бар.
c **4:9** *Ябес* – бул аттың айтылыўы еврей тилиндеги «азап» сөзине үнлес келеди.

сақласаң еди!» – деп жалбарынды.
Қудай оның тилегин орынлады.
11 Шуханың туўысқаны Келуб
Мехирдиң әкеси, Мехир Эштон-
ның әкеси еди. 12 Эштоннан Бейт-
Рафа, Пасеах ҳәм Техинна туўылды.
Техинна Ир-Нахаштың тийкарын
салды. Булар бурын Рехада жасай-
туғын еди.
13 Кеназдың уллары: Отниел ҳәм
Серая.
Отниелдиң уллары: Хатат ҳәм
Меонотай*. 14 Меонотай Офраның
әкеси еди. Серая Ге-Харашимниң[a]
тийкарын салған Иоабтың әкеси
еди. Булай аталыўының себеби, сол
жердиң турғынлары өнерментши-
лик пенен шуғылланатуғын еди.
15 Ефунне улы Калебтиң улла-
ры: Иру, Эла ҳәм Наам. Эланың
улы: Кеназ.
16 Еҳаллелелдиң уллары: Зиф, Зи-
фа, Тирия ҳәм Асарел.
17 Эзраның уллары: Етер, Меред,
Эфер, Ялон. Меред фараонның қы-
зы Битеаға үйленип, ол Мередке
Мәриямды, Шаммайды ҳәм Эште-
моаның тийкарын салған Ишбахты
туўып берди. 18 Меред және яҳуда-
лы қызға үйленди. Бул ҳаялы оған
Гедордың тийкарын салған Ередти,
Сохоның тийкарын салған Хебер-
ди ҳәм Заноахтың тийкарын салған
Еқутиелди туўып берди.
19 Ҳодия Нахамның қарындасы-
на үйленди. Оннан туўылған уллар
Кеилада жасайтуғын Гарм тийре-
синиң ҳәм Эштемоада жасайтуғын
Мааха тийресиниң түп бабасы еди.
20 Шимонның уллары: Амнон,
Ринна, Бен-Ханан ҳәм Тилон.
Ишийдиң урпақлары: Зохет ҳәм
Бен-Зохет.
21 Яҳуданың улы Шеланың улла-
ры: Леханың тийкарын салған Эр,
Марешаның тийкарын салған Лаа-
да, Бейт-Ашбеадағы ҳасыл зығыр
тоқыўшылардың әўладлары, 22 Ио-
ким, Козеба турғынлары, Моаб пе-
нен Яшубий-Лехемди басқарған
Иоаш пенен Сараф. Бул мағлыўмат-
лар әййемги жазбалардан алынған.
23 Олар Нетаим ҳәм Гедерада жа-
сайтуғын ҳәм гүлалшылық етип,
патша ушын хызмет ететуғын еди.

### Шимонның урпағы

24 Шимонның урпақлары: Нему-
ел, Ямин, Яриб, Зерах ҳәм Шаул.
25 Шаулдан Шаллум, Шаллумнан
Мибсам, Мибсамнан Мишма ту-
ўылды.
26 Мишманың урпақлары: Миш-
мадан Хаммуел, Хаммуелден Зак-
кур, Заккурдан Шимей туўылды.
27 Шимейдиң он алты улы, ал-
ты қызы бар еди. Бирақ оның ту-
ўысқанларының перзентлери аз
болғанлықтан, олардың урыўы
Яҳуда урыўындай үлкен болмады.
28 Шимонның урпақлары Беер-Ше-
ба, Молада, Хасар-Шуал, 29 Билҳа,
Эсем, Толад, 30 Бетуел, Хорма, Сик-
лаг, 31 Бейт-Маркабот, Хасар-Су-
сим, Бейт-Бирий ҳәм Шаарайым
қалаларында жасады. Даўыттың
патшалығына дейин усы қалалар
Шимонның урпақларына тийисли
болды. 32 Олардың әўладлары Этам,
Айын, Риммон, Тохен ҳәм Ашан ат-
лы бес қалада да жасады. 33 Баалға
дейин созылған бул қалалардың

---

[a] **4:14** *Ге-Харашим* – «өнерментшилер ойпатлығы» дегенди билдиреди.

дөгерегиндеги барлық аўыллар да
оларға тийисли болды. Олар сол
жерлерде жасап, өзлериниң ше-
жиресин жазып барды.
34 Шимонның басқа урпақлары:
Мешобаб, Ямлех, Амасия улы Ио-
ша, 35 Иоел, Асиелдиң шаўлығы
Сераяның ақлығы Иошибияның
улы Еҳу, 36 Элйоенай, Яақоба, Ешо-
хая, Асая, Адиел, Есимиел, Беная
37 ҳәм Шемаяның жаўлығы Шим-
рийдиң қуўлығы Едаяның шаўлы-
ғы Аллонның ақлығы Шифий улы
Зиза. 38 Жоқарыда аты аталғанлар-
дың ҳәр бири тийре басшылары
еди. Олардың нәсиллери көбейип,
кеңнен тарады. 39 Олар маллары-
на жайлаў излеп, Гедордың жаны-
на, ойпатлықтың шығысына дейин
барды. 40 Ол жерде мол ҳәм жақсы
жайлаўлар болып, үлке кең, тыныш
ҳәм қәўипсиз еди. Бурын ол жерде
Хамның урпақларының айырым-
лары жасаған еди.
41 Яҳуда патшасы Хизкияның дә-
ўиринде, жоқарыда аты аталған
Шимон урпақлары Хам урпақла-
рына ҳәм сол жерде жасап атыр-
ған Меуним урпақларына ҳүжим
жасап, оларды толық қырып тас-
лады. Соңынан өзлери сол жерге
жайласып алды, олар бүгин де сол
жерде жасайды. Себеби ол жерде
сүриўлери ушын жайлаў бар еди.
42 Кейин Ишийдиң уллары Пе-
латия, Неария, Рефая ҳәм Уззиел
басшылығында Шимонның урпа-
ғынан бес жүз адам таўлы Сеир же-
рине барып, 43 Амалек нәсилинен
аман қалғанларды қырып таслады.
Шимон урпақлары бүгин де сол
жерлерде жасап келмекте.

### Рубенниң урпақлары

5 1 Израилдың туңғыш улы Рубен-
ниң уллары. Рубен Израилдың
туңғыш улы еди. Бирақ ол әкесиниң
төсегин ҳарамлағаны ушын, туң-
ғышлық ҳуқықы Израилдың улы
Юсуптиң улларына берилди. Сол
себепли Рубен шежиреде туңғыш
ул сыпатында дизимге алынбаған.[a]
2 Яҳуда туўысқанлары ишинде ең
күшлиси болып, ҳүкимдар оның
урпағынан шықса да, туңғышлық
ҳуқықы Юсупке тийисли болды.
3 Израилдың биринши улы Ру-
бенниң уллары: Ханох, Паллу, Хес-
рон ҳәм Кармий.
4 Иоелдиң урпағы: Иоелдиң улы
Шемая, Шемаяның улы Гог, Гогтың
улы Шимей, 5 Шимейдиң улы Миха,
Миханың улы Реая, Реаяның улы
Баал ҳәм 6 Баалдың улы Беера. Ас-
сирия патшасы Тилгат-Пилнесер[b]
Беераны сүргин қылып алып кет-
кенде, ол Рубен урыўының көсеми
еди. 7 Беераның ағайинлери шежи-
реде тийрелери бойынша былай
дизимге алынған: жетекши Еиел,
Зехария 8 ҳәм Бела. Бела Азаздың
улы, Шеманың ақлығы ҳәм Иоел-
диң шаўлығы еди. Олар Ароерден
баслап Небо менен Баал-Меонға
дейин созылған жерлерде жаса-
ды. 9 Олардың Гилад жериндеги
падалары көбейип кеткенликтен,
шығыс тәрептеги Евфрат дәрьясы-
на қарай созылған шөлге дейинги
жерлерди ийелеп алды.

---

[a] **5:1** Жар 35:22; 49:3-4.
[b] **5:6** *Тилгат-Пилнесер* – көбинесе «Тиглат-Пилесер» деп жазылған.

10 Шаулдың патшалық қылған
дәўиринде, Рубен урпағы Ажар ур-
пағына қарсы урыс ашты. Оларды
жеңип, Гиладтың шығыс тәрепин-
деги оларға тийисли барлық жер-
лерди ийелеп алды.

### Гадтың урпағы

11 Гад урыўы Рубен урыўына қоң-
сылас Башан аймағында Салкаға
дейин созылған жерлерде жасады.
12 Башан жеринде Иоел басшы еди,
Шафам екинши дәрежели басшы,
Янай ҳәм Шафат олардан кейин-
гилер еди.
13 Олардың ағайинлери, басқа же-
ти тийрениң басшылары мыналар:
Михаил, Мешуллам, Шеба, Иорай,
Якан, Зиа ҳәм Эбер. 14 Булар Абиха-
йылдың уллары болып, Абихайыл
Хурийдиң, Хурий Яроахтың, Яроах
Гиладтың, Гилад Михаилдиң, Ми-
хаил Ешишайдың, Ешишай Яхдо-
ның, Яхдо Буздың улы еди.
15 Гунийдиң ақлығы, Абдиелдиң
улы Ахий усы тийрелердиң басшы-
сы еди. 16 Гадлылар Гиладта, Башан-
да, оларға тийисли аўылларда ҳәм
Шаронның барлық жайлаўларының
шегараларына дейинги жерлерде
жасады. 17 Булардың ҳәммеси Яҳуда
патшасы Иотамның ҳәм Израил пат-
шасы Яробамның патшалық еткен
дәўиринде шежиреге киргизилген.
18 Рубен ҳәм Гад урыўлары менен
Менашше урыўының ярымында
урысқа жарамлы қырық төрт мың
жети жүз алпыс адам бар еди. Олар-
дың ҳәммеси қалқан ҳәм қылыш
услап, оқ жай тартып, урыса ала-
туғын батырлар еди. 19 Олар Ажар
урпақларына, Етур, Нафиш ҳәм Но-
даб қәўимлерине қарсы урыс алып
барды. 20 Оларды жеңиўде Рубен,
Гад урыўлары менен Менашше уры-
ўының ярымына жәрдем берилди
ҳәм Қудай Ажар урпақлары менен
оның аўқамласларын оларға тәслим
етти. Себеби олар урысып атырып,
даўыслап Қудайды шақырған еди.
Қудай да олардың дууасына жуўап
берди, өйткени олар Оған үмит бай-
лаған еди. 21 Олар Ажар урпақлары-
ның малларын: елиў мың түйе, еки
жүз елиў мың қой, еки мың ешек-
ти олжа қылып, жүз мың адамды
тутқынға алды. 22 Оларға қарсы
Қудайдың Өзи урысқанлығы се-
бепли, душпанлардың көпшили-
ги саўашта қырылып кетти. Рубен
ҳәм Гад урыўлары менен Менашше
урыўының ярымы сүргинге дейин
сол жерлерде жасады.

### Менашше урыўының ярымы

23 Менашше урыўының ярымы
көп санлы еди. Олар Башаннан
Баал-Хермонға, Сенир ҳәм Хер-
мон таўына дейин созылған жер-
лерде жасады. 24 Олардың әўлад
басшылары мыналар:
Эфер, Иший, Элиел, Азриел, Ере-
мия, Ҳодаўия ҳәм Яхдиел. Булар
мәрт жаўынгерлер, абырайлы ер-
лер ҳәм әўлад басшылары еди. 25 Де-
ген менен, олар ата-бабаларының
Қудайына опасызлық етти. Қудай-
ға қыянет етип, өзлериниң алдын-
да қырып жиберилген сол еллердиң
халықларының бутларына табын-
ды. 26 Сол себепли Израилдың
Қудайы Ассирия патшасы Пулды,
яғный Тилгат-Пилнесерди ҳәрекетке
келтирди. Ассирия патшасы Рубен
ҳәм Гад урыўлары менен Менашше
урыўының ярымын жеңип, оларды

тутқынға алды. Оларды Халахқа, Ха-
борға, Ҳараға ҳәм Гозандағы дәрья
бойына сүргин қылды. Олар бүгин
де сол жерлерде жасап келмекте.

### Лебийдиң урпақлары

**6** 1 Лебийдиң уллары: Гершом,
Қоҳат ҳәм Мерарий.
2 Қоҳаттың уллары: Амрам, Ис-
ҳар, Хеброн ҳәм Уззиел.
3 Амрамның балалары: Харон,
Мууса ҳәм Мәриям.

Харонның уллары: Надаб, Абиҳу,
Элазар, Итамар. 4 Элазардан Пи-
нехас, Пинехастан Абишуа, 5 Аби-
шуадан Буккий, Буккийден Уззий,
6 Уззийден Зерахия, Зерахиядан
Мерайот, 7 Мерайоттан Амария,
Амариядан Ахитуб, 8 Ахитубтан
Садоқ, Садоқтан Ахимаас, 9 Ахи-
маастан Азария, Азариядан Юха-
нан, 10 Юхананнан Азария туўылды.
Азария Ерусалимде патша Сулай-
ман қурғызған Қудайдың Үйинде
рууханий болып хызмет етти.

11 Азариядан Амария, Амария-
дан Ахитуб, 12 Ахитубтан Садоқ,
Садоқтан Шаллум, 13 Шаллумнан
Хилкия, Хилкиядан Азария, 14 Аза-
риядан Серая, Сераядан Иосадақ
туўылды.

15 Жаратқан Ийе Яҳуда ҳәм Еру-
салим халқын Набуходоносор ар-
қалы сүргин қылғанда,[a] Иосадақ
та сүргин қылынған еди.

### Лебийдиң басқа урпақлары

16 Лебийдиң уллары: Гершом, Қо-
ҳат ҳәм Мерарий.

17 Гершомның улларының атла-
ры: Либний ҳәм Шимей.

18 Қоҳаттың уллары: Амрам, Ис-
ҳар, Хеброн ҳәм Уззиел.

19 Мерарийдиң уллары: Махлий
ҳәм Муший.

Түп бабасы бойынша дизимге
алынған Лебий урыўының тийре-
лери мыналар:

20 Гершомның урпағы: Гершом-
нан Либний, Либнийден Яхат,
Яхаттан Зимма, 21 Зиммадан Ио-
ах, Иоахтан Иддо, Иддодан Зерах,
Зерахтан Еатрай туўылды.

22 Қоҳаттың урпағы: Қоҳаттан
Амминадаб, Амминадабтан Қорах,
Қорахтан Ассир, 23 Ассирден Элқа-
на, Элқанадан Эбясаф, Эбясафтан
Ассир, 24 Ассирден Тахат, Тахаттан
Уриел, Уриелден Уззия, Уззиядан
Шаул туўылды.

25 Элқананың басқа уллары: Ама-
сай ҳәм Ахимот. 26 Ахимоттан Эл-
қана, Элқанадан Софай, Софайдан
Нахат, 27 Нахаттан Элиаб, Элиаб-
тан Ерохам, Ерохамнан Элқана ту-
ўылды.

28 Самуелдиң уллары: туңғыш
улы Иоел, екиншиси Абия.

29 Мерарийдиң урпағы: Мерарий-
ден Махлий, Махлийден Либний,
Либнийден Шимей, Шимейден Уз-
за, 30 Уззадан Шимеа, Шимеадан
Хаггия, Хаггиядан Асая туўылды.

### Ушырасыў шатырындағы сазенделер

31 Келисим сандығы Жаратқан
Ийениң Үйине апарылғаннан соң,
сол жерде хызмет етиў ушын Даўыт
тайынлаған сазенделердиң атлары
төменде берилген. 32 Сулайман Еру-
салимде Жаратқан Ийеге арнап Үй

---

[a] **6:15** 4Пат 24:10-17; 25:1-21.

қурғанға дейин, олар Ушырасыў ша-
тырында қосық айтып, хызмет етти.
Олар өз хызметин берилген көрсет-
пелер бойынша орынлайтуғын еди.
33 Сол жерде уллары менен бир-
ге сол хызметти атқарып атырған-
лар мыналар:
Қоҳаттың урпағынан: қосықшы
Ҳеман. Ҳеман Иоелдиң, Иоел Са-
муелдиң, 34 Самуел Элқананың, Эл-
қана Ерохамның, Ерохам Элиелдиң,
Элиел Тоахтың, 35 Тоах Суфтың,
Суф Элқананың, Элқана Махат-
тың, Махат Амасайдың, 36 Амасай
Элқананың, Элқана Иоелдиң, Ио-
ел Азарияның, Азария Сефания-
ның, 37 Сефания Тахаттың, Тахат
Ассирдиң, Ассир Эбясафтың, Эбя-
саф Қорахтың, 38 Қорах Исҳардың,
Исҳар Қоҳаттың, Қоҳат Лебийдиң,
Лебий Израилдың улы еди.
39 Ҳеманның оң жағында хызмет
ететуғын жәрдемшиси, туўысқа-
ны Асаф болды. Асаф Берехияның
улы болып, Берехия Шимеаның,
40 Шимеа Михаилдиң, Михаил
Баасияның, Баасия Малкияның,
41 Малкия Этнийдиң, Этний Зе-
рахтың, Зерах Адаяның, 42 Адая
Этанның, Этан Зимманың, Зим-
ма Шимейдиң, 43 Шимей Яхат-
тың, Яхат Гершомның, Гершом
Лебийдиң улы еди. 44 Ҳеманның
шеп жағында хызмет ететуғын
жәрдемшиси туўысқаны Мерарий
урпағынан Этан болды. Этан Ки-
шийдиң улы болып, Киший Абдий-
диң, Абдий Маллухтың, 45 Маллух
Хашабияның, Хашабия Амасияның,
Амасия Хилкияның, 46 Хилкия
Амсийдиң, Амсий Банийдиң, Ба-
ний Шемердиң, 47 Шемер Махлий-
диң, Махлий Мушийдиң, Муший
Мерарийдиң, Мерарий Лебийдиң
улы еди. 48 Олардың лебийли ту-
ўысқанлары Мухаддес шатырдағы,
Қудайдың Үйиндеги басқа барлық
хызметлерди орынлаў ушын тайын-
ланды. 49 Бирақ тек Харон ҳәм оның
урпақлары ғана қурбанлық орында
жандырылатуғын қурбанлықлар-
ды берип, түтетки түтетилетуғын
орында түтеткилерди түтететуғын
ҳәм Ең мухаддес бөлмедеислене-
туғын барлық хызметлерди атқа-
ратуғын еди. Олар Қудайдың қулы
Муўса берген барлық буйрықлар
бойынша, Израил халқын гүнадан
пәклейтуғын еди.

## Харонның урпағы

50 Харонның урпақлары мына-
лар: Харонның улы Элазар, Эла-
зардың улы Пинехас, Пинехастың
улы Абишуа, 51 Абишуаның улы
Буккий, Буккийдиң улы Уззий, Уз-
зийдиң улы Зерахия, 52 Зерахия-
ның улы Мерайот, Мерайоттың улы
Амария, Амарияның улы Ахитуб,
53 Ахитубтың улы Садоқ, Садоқ-
тың улы Ахимаас.

## Лебийлилер жасаған қалалар

54 Лебийлилердиң жасаўы ушын
ажыратылған жерлер мыналар:
Қоҳат тийресинен шыққан Харон-
ның урпақларына биринши шек
түскенликтен, 55 оларға Яҳудада-
ғы Хеброн ҳәм оның әтирапында-
ғы жайлаўлар берилди. 56 Ал қала
дөгерегиндеги атыз ҳәм аўыллар
Ефунне улы Калебке берилди.
57 Солай етип, Харонның урпақла-
рына паналайтуғын қалалар: Хеброн,
Либна, Яттир, Эштемоа, 58 Хилез,
Дебир, 59 Ашан ҳәм Бейт-Шемеш

қалалары жайлаўлары менен қоса
берилди. 60 Бенямин урыўынан да
оларға Геба, Алемет, Анатот қалала-
ры жайлаўлары менен қоса берил-
ди. Қоҳат тийресине берилген бул
қалалар барлығы болып он үш еди.
61 Қоҳат тийресиниң қалғанла-
рына Менашше урыўының ярымынан алынған он қала шек таслаў
арқалы берилди.
62 Гершом урпағына тийре санына қарай, Иссахар, Ашер, Нафталий
урыўларынан ҳәм Башандағы Менашше урыўынан алынған он үш
қала шек бойынша берилди.
63 Мерарий урпағына тийре санына қарай, Рубен, Гад ҳәм Зебулон урыўларынан алынған он еки
қала шек бойынша берилди.
64 Израиллылар бул қалаларды
жайлаўлары менен қоса лебийлилерге берди. 65 Яҳуда, Шимон, Бен-
ямин урыўларынан алынған ҳәм
жоқарыда атлары аталған қалалар
шек таслаў арқалы берилди.
66 Қоҳат тийресинен болған базы
шаңарақларға Эфрайым урыўына
тийисли жерлерден қалалар берил-
ди. 67 Оларға Эфрайымның таўлы
үлкесиндеги паналайтуғын қала Ше-
хем, Гезер, 68 Иоқмеам, Бейт-Хорон,
69 Айялон ҳәм Гат-Риммон қалала-
ры жайлаўлары менен қоса берилди.
70 Қоҳат тийресиниң қалған шаңарақларына Менашше урыўының
ярымынан алынған Анер ҳәм Билеам қалалары жайлаўлары менен
қоса берилди.
71 Гершом урпағына мына қалалар
жайлаўлары менен қоса берилди:
Менашше урыўының ярымына
тийисли жерлерден: Башандағы
Голан ҳәм Аштарот.
72 Иссахар урыўынан: Кедеш, Да-
берат, 73 Рамот ҳәм Анем.
74 Ашер урыўынан: Машал, Аб-
дон, 75 Хуқоқ ҳәм Рехоб.
76 Нафталий урыўынан: Галиладағы Кедеш, Хаммон ҳәм Кирятайым.
77 Мерарий урпақларының қалғанларына мына қалалар жайлаўлары менен қоса берилди:
Зебулон урыўынан: Риммоно ҳәм
Табор.
78 Рубен урыўынан: Ерихоның
қарсы алдында, Иордан дәрьясының шығыс тәрепинде жайласқан
шөлдеги Бесер, сондай-ақ, Яҳаса,
79 Кедемот ҳәм Мефаат.
80 Гад урыўынан: Гиладтағы Ра-
мот, Маханайым, 81 Хешбон ҳәм
Язер.

### Иссахардың урпақлары

7 1 Иссахардың Тола, Пуа, Яшуб ҳәм Шимрон деген төрт улы
бар еди.
2 Толаның уллары: Уззий, Рефая,
Ериел, Яхмай, Ибсам ҳәм Самуел.
Олар өз әўладларының басшылары
еди. Даўыт патшалық еткен дәўирде, Тола урпақларының шежиресинде олардан жигирма еки мың алты жүз мәрт жаўынгер есапқа
алынған.
3 Уззийдиң улы Израхия. Изра-
хияның уллары: Михаил, Обадия,
Иоел ҳәм Ишшия. Олардың бесеўи
де әўлад басшылары еди. 4 Олар-
дың ҳаяллары да, балалары да көп
болғанлықтан, әўладының шежиреси бойынша оларда урысқа жарамлы отыз алты мың адам бар
еди. 5 Урыў шежиреси бойынша,
Иссахар урыўының тийрелеринен

сексен жети мың мәрт жаўынгер
есапқа алынған.

### Беняминниң урпағы

6 Беняминниң үш улы бар еди:
Бела, Бехер ҳәм Едиаел.
7 Беланың бес улы бар еди: Эсбон,
Уззий, Уззиел, Еримот ҳәм Ирий.
Олардың бесеўи де әўлад басшы-
лары еди. Олардың шежиресинде
жигирма еки мың отыз төрт мәрт
жаўынгер дизимге алынған еди.
8 Бехердиң уллары: Земира, Иоаш,
Элиезер, Элйоенай, Омрий, Еремот,
Абия, Анатот ҳәм Алемет. Булар-
дың ҳәммеси Бехердиң уллары еди.
9 Олардың шежиресинде әўлад бас-
шылары ҳәм жигирма мың еки жүз
мәрт жаўынгер дизимге алынған.
10 Едиаелдиң улы: Билҳан. Бил-
ҳанның уллары: Еуш, Бенямин,
Эҳуд, Кенаана, Зетан, Таршиш ҳәм
Ахишахар. 11 Едиаелдиң барлық ул-
лары әўлад басшылары еди. Оларда
урысқа жарамлы он жети мың еки
жүз мәрт жаўынгер бар еди. 12 Шуп-
пим ҳәм Хуппим Ирдиң, Хушим
болса, Ахердиң урпақлары еди.

### Нафталий урыўы

13 Нафталийдиң уллары: Яхси-
ел, Гуний, Есер ҳәм Шаллум. Олар
Яқыптың тоқалы Билҳадан тара-
ған урпақлар еди.

### Менашше урыўы

14 Менашшениң уллары: арамлы
тоқалынан туўылған уллары Ас-
риел ҳәм Махир. Махир Гиладтың
әкеси еди. 15 Махир Хуппим менен
Шуппимниң қарындасы Мааханы
ҳаяллықққа алды. Менашшениң бас-
қа урпағының аты Селофехад бо-
лып, оның тек ғана қызлары болды.
16 Махирдиң ҳаялы Мааха ул ту-
ўып, атын Переш деп қойды. Оның
инисиниң аты Шереш еди. Ше-
рештиң Улам ҳәм Рекем атлы еки
улы болды.
17 Уламның улы Бедан.
Менашшениң ақлығы Махирдиң
улы Гиладтың әўлады усылардан
ибарат еди.
18 Махирдиң қарындасы Ҳам-
молехет Ишҳодты, Абиезерди ҳәм
Махланы туўды.
19 Шемиданың уллары: Ахиян,
Шехем, Ликхий ҳәм Аниам.

### Эфрайымның урпағы

20 Эфрайымның Шутелах деген
улы бар еди. Шутелахтан Беред,
Бередтен Тахат, Тахаттан Элада,
Элададан Тахат, 21 Тахаттан Забад,
Забадтан Шутелах туўылды. Эфра-
йымның Шутелахтан басқа Эзер
ҳәм Элад деген уллары да болды.
Эзер менен Элад Гат қаласының
тийкарғы турғынларына қараслы
малларды урлап алып кетпекши
болғанда, гатлылар оларды өлтир-
ди. 22 Олардың әкеси Эфрайым узақ
ўақыт аза тутты. Сонда туўысқан-
лары оны жубатыўға келди. 23 Эф-
райым жәнe ҳаялы менен жатты
ҳәм ҳаялы жүкли болып, бир ул
туўды. Үйинде бахытсызлық жүз
бергени ушын, әкеси баланың атын
Бериа[a] деп қойды. 24 Оның Шее-
ра деген қызы да бар еди. Шеера

---

a **7:23** *Бериа* – бул аттың айтылыўы еврей тилиндеги «бахытсызлық» сөзи ме-
нен үнлес келеди.

төменги ҳәм жоқарғы Бейт-Хорон
ҳәм Уззен-Шеера қалаларының
тийкарын салды.
25 Эфрайымның Рефах атлы басқа
бир улы да бар еди. Рефахтан Ре-
шеф, Решефтен Телах, Телахтан Та-
хан, 26 Таханнан Лаадан, Лааданнан
Аммиҳуд, Аммиҳудтан Элишама,
27 Элишамадан Нун, Нуннан Еш-
уа туўылды.
28 Эфрайымлылардың жайласқан
жерлери Бейт-Элди ҳәм оның дө-
герегиндеги аўылларды, шығыста-
ғы Наарандı, батыстағы Гезерди
ҳәм оның дөгерегиндеги аўыллар-
ды, Шехемди, Айяны ҳәм олардың
дөгерегиндеги аўылларды өз иши-
не алды. 29 Менашше урыўының
жерлерине шегаралас Бейт-Шеан,
Таанах, Мегиддо ҳәм Дор қалала-
ры, және оларға тийисли аўыллар
бар еди. Израил улы Юсуптиң ур-
пағы усы жерлерде жасады.

### Ашердиң урпағы

30 Ашердиң уллары: Имна, Иш-
ўа, Ишўий, Бериа ҳәм олардың қыз
туўысқаны Серах. 31 Берианың ул-
лары: Хебер ҳәм Бирзаиттың тий-
карын салған Малкиел.
32 Хебердиң Яфлет, Шомер, Хо-
там атлы уллары ҳәм Шуўа атлы
бир қызы бар еди.
33 Яфлеттиң уллары: Пасах, Бим-
ҳал ҳәм Ашўат. Яфлеттиң уллары
усылар еди.
34 Шамердиң уллары: Ахий, Ро-
ҳага, Хубба ҳәм Арам.
35 Оның туўысқаны Ҳелемниң
уллары: Софах, Имна, Шелеш ҳәм
Амал.
36 Софахтың уллары: Суах,
Харнефер, Шуўал, Берий, Имра,
37 Бесер, Ҳод, Шамма, Шилша, Ит-
ран ҳәм Беера.
38 Етердиң уллары: Ефунне, Пис-
па ҳәм Ара.
39 Улланың уллары: Арах, Хан-
ниел ҳәм Рисия.
40 Булардың ҳәммеси Ашерден та-
раған урпақлар болып, олар әўлад
басшылары, таңланған мәрт жа-
ўынгерлер, абырайлы басшылар
еди. Ашер урыўының шежиреси бо-
йынша, урысқа жарамлы жигирма
алты мың адам есапқа алынған еди.

### Беняминниң урпақлары

8 1 Беняминниң туңғыш улы Бе-
ла, екинши улы Ашбел, үшин-
ши улы Ахрах, 2 төртинши улы Ноха,
бесинши улы Рафа еди.
3 Беланың уллары: Аддар, Гера,
Абиҳуд, 4 Абишуа, Нааман, Ахоах,
5 Гера, Шефуфан ҳәм Хурам.
6 Гебада жасап, кейин Манахатқа
сүргин етилген әўладлардың бас-
шылары болған Эхудтың уллары:
7 Нааман, Ахия ҳәм буларды баслап
алып барған Гера. Гера Узза менен
Ахихудтың әкеси еди.
8 Шахарайым еки ҳаялы Хушим
менен Баарадан ажырасқаннан ке-
йин, Моаб үлкесинде уллар көрди.
9 Ол кейинги алған ҳаялы Ходеш-
тен Иобаб, Сибия, Меша, Малкам,
10 Еус, Сахия ҳәм Мирма атлы ул-
ларды көрди. Шахарайымның усы
улларының ҳәммеси әўлад басшы-
лары еди. 11 Шахарайымның Ху-
шим деген ҳаялынан да Абитуб
ҳәм Элпаал атлы еки улы бар еди.
12 Элпаалдың уллары: Эбер, Ми-
шам, сондай-ақ, Оно ҳәм Лод қала-
лары менен оның әтирапындағы
аўылларды қурған Шемед, 13 және

Бериа ҳәм Шема. Бериа менен Ше-
ма Айялонда жасайтуғын халық-
тың әўлад басшылары еди. Олар
Гат турғынларын сол қаладан қу-
ўып жиберген еди.
14 Ахйо, Шашақ, Еремот, 15 Зеба-
дия, Арад, Эдер, 16 Михаил, Ишпа
ҳәм Иоха – булар Берианың улла-
ры еди.
17 Зебадия, Мешуллам, Хизкий,
Хебер, 18 Ишмерай, Излиа ҳәм Ио-
баб – булар Элпаалдың уллары еди.
19 Яким, Зихрий, Забдий, 20 Эли-
енай, Силлетай, Элиел, 21 Адая,
Берая ҳәм Шимрат – булар Ши-
мейдиң уллары еди.
22 Ишпан, Эбер, Элиел, 23 Абдон,
Зихрий, Ханан, 24 Ханания, Элам,
Антотия, 25 Ифдея ҳәм Пенуел – бу-
лар Шашақтың уллары еди.
26 Шамшерай, Шехария, Аталия,
27 Ярешия, Илияс ҳәм Зихрий – бу-
лар Ерохамның уллары еди.
28 Булардың ҳәммесиниң әўлад
басшылары ҳәм көсемлер болған-
лығы шежиреде жазылған. Олар
Ерусалимде жасады.

### Патша Шаулдың шежиреси

29 Гибонның тийкарын салған
адам Гибонда жасады. Оның ҳая-
лының аты Мааха еди. 30 Туңғыш
улы Абдон, кейинги уллары: Сур,
Киш, Баал, Надаб, 31 Гедор, Ахйо,
Зехер 32 ҳәм Шимеаның әкеси Мик-
лот. Булар Ерусалимде, ағайинле-
риниң жанында жасады.
33 Нер Киштиң, Киш Шаулдың
әкеси еди. Шаул Ионатанның, Мал-
кий-Шуаның, Абинадабтың ҳәм
Эшбаалдың әкеси еди.
34 Ионатан Мериб-Баалдың, Ме-
риб-Баал Миханың әкеси еди.
35 Миханың уллары: Питон, Ме-
лех, Тареа ҳәм Ахаз.
36 Ахаз Еҳоадданың әкеси еди.
Еҳоадда Алемет, Азмаўет ҳәм Зим-
рийдиң әкеси еди. Зимрий Моса-
ның, 37 Моса Бинеаның, Бинеа
Рефаның, Рефа Эласаның, Эласа
Аселдиң әкеси еди.
38 Аселдиң алты улы бар еди.
Олардың атлары: Азриқам, Бохе-
ру, Исмайыл, Шеария, Обадия ҳәм
Ханан. Булардың барлығы Аселдиң
уллары еди.
39 Аселдиң иниси Эшектиң улла-
ры: туңғыш улы Улам, екиншиси
Еуш, үшиншиси Элифелет.
40 Уламның уллары оқ жай атыў-
ға шебер, мәрт жаўынгерлер болды.
Уламның уллары ҳәм ақлықлары
көп болып, олар барлығы болып
бир жүз елиў еди. Булардың ҳәм-
меси Бенияминниң урпақлары еди.

**9** 1 Солай етип, пүткил Израил
халқы Израил патшаларының
жылнама китабында жазылған ше-
жирege киргизилген еди.

### Сүргиннен Ерусалимге қайтқан халық

Яҳуда халқы Жаратқан Ийеге қы-
янет ислегени ушын, Бабилонияға
сүргин етилген еди. 2 Өз қалала-
рындағы өз ийеликлерине изра-
иллылар руўханийлер, лебийлилер
ҳәм Ибадатхана хызметшилери ме-
нен бирге биринши болып қайтып
келип, қоныс басты.
3 Яҳуда, Бенямин, Эфрайым ҳәм
Менашше урыўынан болған мына
адамлар Ерусалимде жасады:
4 Яҳуданың улы Перестиң ур-
пағынан: Банийдиң қуўлығы

Имрийдиң шаўлығы Омрийдиң
ақлығы Аммиҳудтың улы Утай.
5 Шеланың урпағынан: туңғыш
улы Асая ҳәм оның уллары.
6 Зерахтың урпағынан: Еуел ҳәм
оның туўысқанлары.
Яҳуда урыўынан ҳәммеси болып
алты жүз тоқсан адам еди.
7 Бенямин урыўынан: Ҳассенуа-
ның шаўлығы Ҳодаўияның ақлығы
Мешулламның улы Саллу, 8 Еро-
хамның улы Ибнея, Михрийдиң
ақлығы Уззийдиң улы Эла ҳәм Иб-
нияның шаўлығы Реуелдиң ақлы-
ғы Шефатияның улы Мешуллам.
9 Шежиресинде жазылғаны бо-
йынша Бенямин урыўынан тоғыз
жүз елиў алты адам еди. Булардың
ҳәммеси әўлад басшылары еди.
10 Руўханийлер:
Едая, Еҳояриб, Яхин 11 ҳәм Аза-
рия. Азария Хилкияның улы Ме-
шулламның ақлығы Садоқтың
шаўлығы Мерайоттың қуўлығы
Ахитубтың жаўлығы еди. Ахитуб
Қудайдың Үйиниң бас хызметке-
ри еди. 12 Малкияның шаўлығы
Пашхурдың ақлығы Ерохамның
улы Адая ҳәм Иммердиң жаў-
лығы Мешиллемиттиң қуўлығы
Мешулламның шаўлығы Яхзера-
ның ақлығы Адиелдиң улы Маа-
сай. 13 Әўлад басшылары болған
Қудайдың Үйиниң хызметшилери
барлығы бир мың жети жүз алпыс
адам еди. Олар Қудайдың Үйинде-
ги ислерди шеберлик пенен атқа-
ратуғын еди.
14 Лебийлилер:
Мерарий урпағынан: Хашабия-
ның шаўлығы Азриқамның ақлығы
Хашшубтың улы Шемая, 15 Бақбақ-
қар, Хереш, Галал ҳәм Маттания.
Маттания Асафтың шаўлығы Зих-
рийдиң ақлығы Миханың улы еди.
16 Едутунның шаўлығы Галалдың
ақлығы Шемаяның улы Обадия
ҳәм нетофалылардың аўылларын-
да жасап атырған Элқананың ақ-
лығы Асаның улы Берехия.
17 Қудайдың Үйиндеги дәрўаза
қараўыллары:
Шаллум, Аққуб, Талмон, Ахиман.
Олардың туўысқаны Шаллум олар-
дың басшысы еди. 18 Олар бүгин-
ге дейин, шығыс тәрептеги Патша
дәрўазасында хызмет етип келеди.
Лебийлилердиң ордасынан болған
дәрўаза қараўыллары да усылар
еди. 19 Қорахтың шаўлығы Эбясаф-
тың ақлығы Қорениң улы Шаллум
ҳәм оның Қорах әўладынан болған
туўысқанлары Үйдиң кирер аў-
зын қараўыллады. Олардың ата-
бабалары да Жаратқан Ийениң
Мухаддес шатырының кирер аў-
зын қараўыллаған еди. 20 Алдын-
ғы ўақытлары Элазар улы Пинехас
дәрўаза қараўылларын басқарған
еди ҳәм Жаратқан Ийе оның менен
бирге еди. 21 Мешелемия улы Зеха-
рия Ушырасыў шатырының дәрўа-
засының қараўылы еди.
22 Таңлап алынған дәрўаза қа-
раўыллары барлығы болып еки
жүз он еки адам еди. Олар аўылла-
ры бойынша шежиреге киргизил-
ди. Оларды бул жуўапкершиликли
ўазыйпаға Даўыт ҳәм көзи ашық
Самуел тайынлаған еди. 23 Олар
ҳәм олардың урпақлары Жаратқан
Ийениң Үйиниң, яғный Шаты-
рының дәрўазасында сақшылық
қылатуғын еди. 24 Олар төрт тәреп-
теги: шығыс, батыс, арқа ҳәм қуб-
ладағы дәрўазаларды қараўыллады.

25 Олардың аўылларда жасайтуғын
туўысқанлары ўақты-ўақты келип,
жети күнлик хызметти олар менен
бөлисип ислеўге миннетли болды.
26 Бас дәрўаза қараўылларының
төртеўи де лебийли болып, оларға
Қудайдың Үйиндеги бөлмелер ҳәм
ғәзийнеханалар исенип тапсырыл-
ған еди. 27 Оларға Қудайдың Үйин
қараўыллаў ҳәм ҳәр таңда қапы-
ларды ашыў ўазыйпасы жүклен-
генликтен, олар түнди Қудайдың
Үйи әтирапында өткеретуғын еди.
28 Лебийлилердиң базылары
Қудайдың Үйиниң хызметинде
қолланылатуғын затларға жуўап-
кер болды. Олар затларды хызмет
ушын бергенде де, қайтарып алған-
да да санайтуғын еди. 29 Олардың
басқалары Қудайдың Үйиндеги бу-
йымларға ҳәм басқа барлық затлар-
ға, сондай-ақ сапалы унға, шарапқа,
зәйтүн майына, ливан шайырына
ҳәм хош ийисли затларға жуўапкер
еди. 30 Ал руўханийлердиң базыла-
ры хош ийисли затларды араластырып
тырып таярлаў хызметин атқарды.
31 Қорахтың урпағынан Шаллум-
ның туңғыш улы, лебийли Мат-
тития садақа етип усынылатуғын
нанларды таярлаў хызметине қо-
йылған еди. 32 Оның Қоҳат урпағы-
нан болған базы туўысқанларына
болса, ҳәр Шаббат күни усынyла-
туғын нанларды таярлап, оларды
усыныў хызмети жүкленди.
33 Лебийлилердиң әўлад бас-
шылары болған сазенде ҳәм қо-
сықшылар Қудайдың Үйиниң
бөлмелеринде жасады. Олар күн-
ни-түни хызметте болғанлықтан,
хызметтиң басқа түрлеринен азат
болды.
34 Булардың ҳәммеси урпақ ше-
жиреси бойынша лебийлилердиң
әўлад басшылары еди ҳәм олар Еру-
салимде жасайтуғын еди.

### Патша Шаулдың шежиреси

35 Гибонның тийкарын салған
Еиел Гибонда жасады. Оның ҳая-
лының аты Мааха еди. 36 Еиелдиң
туңғыш улы Абдон, кейинги ул-
лары: Сур, Киш, Баал, Нер, Надаб,
37 Гедор, Ахйо, Зехария ҳәм Мик-
лот. 38 Миклот Шимеамның әкеси
еди. Булар Ерусалимде, ағайинле-
риниң жанында жасады.
39 Нер Киштиң, Киш Шаулдың
әкеси еди. Шаул Ионатанның, Мал-
кий-Шуаның, Абинадабтың ҳәм
Эшбаалдың әкеси еди. 40 Ионатан
Мериб-Баалдың, Мериб-Баал Ми-
ханың әкеси еди.
41 Миханың уллары: Питон, Ме-
лех ҳәм Тахреа*.
42 Ахаз Яраның әкеси еди. Яра
Алемет, Азмаўет ҳәм Зимрийдиң
әкеси еди. Зимрий Мосаның, 43 Моса
Бинеаның, Бинеа Рефаяның, Рефая
Эласаның, Эласа Аселдиң әкеси еди.
44 Аселдиң алты улы бар еди.
Олардың атлары: Азриқам, Бохе-
ру, Исмайыл, Шеария, Обадия ҳәм
Ханан. Булар Аселдиң уллары еди.

### Шаул ҳәм оның улларының өлими

10 1 Филистлер израиллы-
лар менен урысып атырған
еди. Израиллылар филистлердиң
алдына түсип қашып, көпшили-
ги Гилбоа таўында набыт болды.
2 Филистлер Шаул менен оның ул-
ларының изине түсип, Шаулдың
уллары Ионатанды, Абинадабты

ҳәм Малкий-Шуаны өлтирди.
3 Шаулдың әтирапында саўаш ҳә-
ўиж алған еди. Сонда садақшылар
тәрепинен атылған оқ Шаулға ти-
йип, ол жарақатланды. 4 Шаул өз
нөкерине:

– Қылышыңды қынабынан су-
ўырып ал да, мени өлтир. Болма-
са, мына сүннетсизлер келеди де,
мени хорлайды, – деди.

Бирақ нөкери қатты қорқып, бу-
ны ислемеди. Сонлықтан Шаул қы-
лышын қынынан суўырып алып,
өзин қылыштың үстине таслады.
5 Нөкери Шаулдың өлгенин көр-
генде, ол да қылышының үстине
өзин таслап өлди.

6 Солай етип, Шаул менен оның
үш улы да қаза тапты ҳәм пүткил
шаңарағы олар менен бирге қу-
рып кетти.

7 Ойпатлықта жасайтуғын бар-
лық израиллылар Израил әскерле-
риниң қашқанын ҳәм Шаул менен
оның улларының өлгенин көргенде,
өз қалаларын таслап, қаша басла-
ды. Филистлер келип, сол қалалар-
ға орналасып алды.

8 Ертеңине филистлер өлгенлерди
тонаў ушын келгенде, Гилбоа таўын-
да Шаулдың ҳәм оның улларының
өлигин тапты. 9 Олар Шаулды талан-
тараж етип, басын ҳәм қурал-жарақ-
ларын алды. Соңынан бул хабарды
өзлериниң бутларына ҳәм халқы-
на жеткериў ушын, филистлердиң
жерлериниң ҳәммесине хабаршы-
лар жиберди. 10 Олар Шаулдың қу-
рал-жарақларын өз қудайларының
бутханасына қойып, басын Дагон-
ның бутханасына илдирип қойды.

11 Гиладтағы пүткил Ябеш хал-
қы филистлердиң Шаулға ислеген
ҳәмме ислери ҳаққында еситкенде,
12 олардың барлық мәрт жаўынгер-
лери барып, Шаул менен оның ул-
ларының денелерин Ябешке алып
келди. Кейин олардың сүйеклерин
Ябештеги теребинф ағашының ас-
тына көмип, жети күн ораза тутып,
азалады.

13 Шаул Жаратқан Ийеге қыя-
нет еткени ушын өлген еди. Ол
Жаратқан Ийениң сөзине бойсын-
бай, ҳәтте, әрўақ шақырыўшыға да
мәсләҳәт салды. 14 Ал Жаратқан
Ийеден мәсләҳәт сорамады. Сол
себепли Жаратқан Ийе Шаулды өл-
тиртип, оның патшалығын Ишай
улы Даўытқа берди.

### Даўыттың пүткил Израилға патша болыўы

11 1 Пүткил израиллылар Хеб-
роңға, Даўыттың жанына
жыйналып былай деди: «Бизлер
сизиң өз сүйегиңиз ҳәм өз етиңиз-
биз. 2 Бурын Шаул патша болған
ўақытта да, саўашта Израилды
өзиңиз баслап жүретуғын едиңиз.
Қудайыңыз Жаратқан Ийе сизге:
„Халқым Израилға сен шопанлық
етип, оларға ҳүкимдар боласаң“, –
деп ўәде берген еди».

3 Солай етип, Израилдың барлық
ақсақаллары Хеброңға, патша Да-
ўыттың алдына келгенде, Даўыт
Хебронда Жаратқан Ийениң ал-
дында олар менен келисим дүзди.
Олар да Жаратқан Ийениң Саму-
ел арқалы берген ўәдеси бойынша,
Даўытты майлап, Израилға патша
етип қойды.

4 Даўыт пенен израиллылар Еру-
салимге жүрис қылды. Сол ўақыт-
лары бул қала Ебус деп аталып, ол

жерде ебуслылар жасайтуғын еди.
[5] Ебус халқы Даўытқа: «Сен бул
жерге кире алмайсаң», – деген еди.
Деген менен, Даўыт Сион қорғанын
қолға киргизди. Кейин ала бул қор-
ған Даўыттың қаласы деп аталды.
[6] Даўыт: «Ебуслыларға биринши
болып ҳүжим жасап, жеңген адам
сәркәрда ҳәм басшы болады», – деп
ўәде берген еди. Серуя улы Иоаб
биринши болып ҳүжим жасап, же-
ңип шықты ҳәм сәркәрда болды.
[7] Буннан кейин, Даўыт қорған қа-
лаға орналасып алды. Сол себепли
ол жерге Даўыттың қаласы деген
ат берилди. [8] Даўыт Миллодан бас-
лап қаланың айнала дийўалларын
қайта тикледи. Ал Иоаб қаланың
қалған бөleклерин қайта қурды.
[9] Даўыт күшке толып бара берди.
Өйткени Әлемниң Жаратқан Ийе-
си оның менен бирге еди.

### Даўыттың батыр әскерлери

[10] Жаратқан Ийениң Израилға
ўәде еткениндей, Даўыттың ба-
тыр әскерлериниң әскербасылары
пүткил Израил халқы менен бирге
Даўытты патша қылды ҳәм оның
патшалығының күшли болыўын
қоллап қуўатлады. [11] Даўыттың ба-
тыр әскерлериниң дизими мынаў:
үш батырдың* сәрдары Хахмон улы
Яшобам. Ол үш жүз адамға найза
менен қарсы шығып, бир ҳүжим
еткенде, ҳәммесин өлтирди.
[12] Оннан кейингиси үш батырдың
бири ахохлы Додоның улы Элазар.
[13] Филистлер урысыў ушын Пас-
Даммимде жыйналғанда, Элазар
Даўыттың қасында болды. Ол жер-
де бир арпа атызы бар еди. Сонда
израиллылар филистлерден қаша
баслады. [14] Бирақ Элазар менен
Даўыт атыздың ортасында турып,
ол жерди қорғады ҳәм филистлер-
ди қырып таслады. Жаратқан Ийе
оларға уллы жеңис сыйлады.
[15] Бир күни филист әскерлери
Рефаим ойпатлығына орда қур-
ған ўақытта, отыз басшыдан үше-
ўи Адуллам үңгириндеги жартасты
панaлап турған Даўытқа барды.
[16] Сол ўақытта Даўыт қорғанда,
ал филистлердиң сақшылар топа-
рының биреўи Бейтлеҳемде еди.
[17] Даўыт қатты шөллеп:
– Қәнекей, Бейтлеҳем дәрўазасы-
ның жанындағы суў сақлағыштан
биреў маған суў әкелип берсе еди! –
деди. [18] Сонда бул үш батыр фи-
листлердиң ордасын жарып өтип,
Бейтлеҳем дәрўазасының жанын-
дағы суў сақлағыштан суў алып,
Даўытқа әкелип берди. Бирақ Да-
ўыт оны ишиўден бас тартты ҳәм
суўды жерге төгип, Жаратқан Ийе-
ге усынды. [19] Ол:
– Қудайым, буны ислеўден мени
сақлай гөр! Жанларын қәўип асты-
на қойып, суў алып келген бул үш
адамның қанын ишейин бе? – деп,
Даўыт суўды ишпеди.
Бул үш батыр усындай ерлик көр-
сеткен еди.
[20] Иоабтың иниси Абишай үш ба-
тырдың* басшысы еди. Ол найзасы
менен үш жүз адамды өлтирди. Сол
тәризде ол үш батыр сыяқлы даңқ-
қа еристи. [21] Оның үш батырдан* да
даңқы артып, олардың басшысы
болғаны менен, сол үш батырдың
қатарына кирмейтуғын еди.
[22] Еҳояда улы қабсеелли Беная
да мәрт жаўынгер болып, ол да ул-
лы ислер иследи. Ол моаблы еки

күшли жаўынгерди, ал қар жаўған
күни бир шуқырға түсип, арыслан-
ды өлтирди. 23 Және де, ол бойы
бес шығанақ болған мысырлыны
да өлтирди. Мысырлының қолын-
да тоқыў үскенесиниң қадасындай
жуўан найзасы бар еди. Ал Бенея
оған таяқ пенен қарсы шығып,
оның қолындағы найзасын тар-
тып алды да, оны өзиниң найзасы
менен өлтирди. 24 Еҳояда улы Бе-
наяның ислеген ислери мине усы-
лар. Ол да сол үш батыр сыяқлы
даңқ таратты. 25 Ол отыз батыр-
ға қарағанда атақлырақ болса да,
бирақ сол үш батырдың қатарына
кирмеди. Даўыт оны өзиниң тән
сақшыларына басшы етип қойды.
26 Басқа батыр әскерлер мына-
лар: Иоабтың иниси Асаҳел, бейт-
леҳемли Додоның улы Элханан,
27 ҳарорлы Шаммот, пелонлы Хе-
лес, 28 теқоалы Иккештиң улы Ира,
анатотлы Абиезер, 29 хушалы Сиб-
бехай, ахохлы Илай, 30 нетофалы
Маҳарай ҳәм нетофалы Баананың
улы Хелед, 31 Бенямин урыўынан
гибалы Рибайдың улы Иттай, пи-
ратонлы Беная, 32 Гааш сайлары
аймағынан Хурай, арабалы Абиел,
33 бахарумлы Азмаўет, шаалбонлы
Эляхба, 34 гизонлы Ҳашемниң улла-
ры, ҳарарлы Шагениң улы Ионатан,
35 ҳарарлы Сакардың улы Ахиам,
Урдың улы Элифал, 36 мехералы
Хефер, пелонлы Ахия, 37 кармелли
Хесрай, Эзбай улы Наарай, 38 Натан-
ның иниси Иоел, Ажар улы Мибхар,
39 аммон халқынан Селек, Серуя
улы Иоабтың нөкери бееротлы На-
харай, 40 Итер тийресинен Ира ҳәм
Гареб, 41 хет халқынан Урия, Ахлай
улы Забад, 42 рубенлилердиң қә-
ўим басшысы, рубенли Шизаның
улы Адина ҳәм оның отыз әскери,
43 Мааха улы Ханан, митанлы Ио-
шафат, 44 аштеротлы Уззия, ароерли
Хотамның уллары Шама ҳәм Еиел,
45 Шимрий улы Едиаел ҳәм оның
иниси тизли Иоха, 46 махаўлы Эли-
ел, Элнаамның уллары Ерибай ҳәм
Иошаўия, моаблы Итма, 47 Элиел,
Обид, месобалы Ясиел.

### Даўыттың Сиклагтағы жәрдемшилери

12 1 Даўыт Киш улы Шаул-
дан қашып, Сиклагта жасап
жүрген ўақытлары,[а] айырым әскер-
лер келип, оған қосылды. Урыс-
ларда Даўытқа жәрдем берген бул
жаўынгерлер 2 Бенямин урыўынан,
Шаулдың ағайинлеринен еди. Бул
садақшылар оқ жай менен құрал-
ланған болып, оң қолы менен де,
шеп қолы менен де оқ жай тартып,
сақпанда тас ататуғын еди. 3 Олар-
дың басшысы гибалы Шеманың
улы Ахиезер болып, иниси Иоаш
оның жәрдемшиси еди. Басқа жа-
ўынгерлер: Азмаўеттиң уллары
Езиел ҳәм Пелет, сондай-ақ, Бераха
ҳәм анатотлы Еҳу, 4 отыз батырдың
биреўи, яғный олардың басшысы
гибонлы Ишмая, сондай-ақ, Ере-
мия, Яхазиел, Юханан, гедералы
Иозабад, 5 Элузай, Еримот, Беалия,
Шемария, харуфлы Шефатия, 6 Қо-
рахтың урпағынан болған Элқана,
Ишшия, Азарел, Иоезер, Яшобам,
7 гедорлы Ерохамның уллары Ио-
ела ҳәм Зебадия.

---

а **12:1** 1Пат 27:1-6.

[8] Даўыт шөлдеги қорғанда болғанда, гадлылардың биразы оған қосылды. Олар урысқа таяр мәрт жаўынгерлер болып, қалқан ҳәм найзаны ислете алатуғын еди. Олардың жүзлери арысландай айбатлы, өзлери таўлардағы жейран киби шаққан еди.

[9] Олардың басшысы Эзер еди. Екиншиси Обадия, үшиншиси Элиаб,
[10] төртиншиси Мишманна, бесиншиси Еремия,
[11] алтыншысы Аттай, жетиншиси Элиел,
[12] сегизиншиси Юханан, тоғызыншысы Элзабад,
[13] оныншысы Еремия, он биринshisi Махбаннай еди.

[14] Усы гадлылар орда әскербасылары еди. Олардың ең ҳәлсизлери жүз адамға, ең күшлилери мың адамға бас келетуғын еди.
[15] Биринши айда, Иордан толып тасып турған ўақытта, олар арғы жағаға кесип өтип, ойпатлықтың шығыс ҳәм батыс тәрепинде жасап атырғанлардың ҳәммесин бас саўғалап қашыўға мәжбүр етти.

[16] Бенямин ҳәм Яҳуда урыўларындағы базы адамлар да Даўыттың жанына, қорғанға келди.
[17] Даўыт оларды күтип алыўға шықты ҳәм оларға былай деди:

– Егер маған жәрдем бериў ушын жақсы нийет пенен келген болсаңыз, қатарымызға қосылыўыңызға ыразыман. Ал егер ҳеш кимге зорлық ислемеген болсам да, мени душпанларыма услап бериўге келген болсаңыз, онда ата-бабаларымыздың Қудайы буны көрип, ҳүким етсин.

[18] Сонда кейинирек отыз батырдың сәрдары болған Амасайдың үстине Қудайдың Руўхы түсип, ол былай деди:

«Даўыт, бизлер сизикимиз!
Ишай улы, сиз бенен биргемиз!
Тынышлық ҳәм аманлық сизге
яр болсын!
Сизге жәрдем берип
атырғанларға да аманлық
болсын!
Себеби сизди қоллап турған –
Қудайыңыздың Өзи».

Даўыт оларды жақсы қабыл етти ҳәм өзиниң басқыншылар топарларына басшылар етип қойды.

[19] Даўыт филистлер менен бирге Шаулға қарсы урысыў ушын барғанда,[a] Менашше урыўының базы адамлары Даўыттың тәрепине өткен еди. Деген менен, сол урыста Даўыт ҳәм оның адамлары филистлерге жәрдем бермеди. Өйткени филист ҳүкимдарлары кеңесип: «Даўыт мырзасы Шаул тәрепке өтип кетип, басымыздан айырыламыз», – деп, оны кейин қайтарған еди.
[20] Даўыт Сиклагқа қайтып кетип баратырғанда, Менашше урыўынан оның тәрепине өткенлер мыналар еди: Аднах, Иозабад, Едиаел, Михаил, Иозабад, Элиҳу ҳәм Силлетай. Булардың барлығы менашшелилердиң мыңбасылары еди.
[21] Олар мәрт жаўынгерлер болып, Даўыттың ордасында ләшкербасылық хызметин атқарды ҳәм қарақшылар топарына қарсы гүресиўде Даўытқа жәрдем берди.
[22] Даўытқа жәрдем бериў ушын ҳәр күни адамлар

---

a **12:19** 1Пат 29:1-11.

келип қосылатуғын еди. Нәтийже-
де, Даўыт Қудайдың ләшкерлери
сыяқлы үлкен ҳәм күшли ордаға
ийе болды.

## Даўыттың Хеброндағы ордасы

23 Жаратқан Ийениң берген ўә-
деси бойынша, Шаулдың пат-
шалығын Даўытқа бериў ушын
Хебронға, Даўыттың жанына кел-
ген ләшкерлер саны мынадай еди:
24 Яҳуда урыўынан: урысқа таяр,
қалқан ҳәм найза менен қураллан-
ған алты мың сегиз жүз адам.
25 Шимон урыўынан: урысқа таяр,
жети мың бир жүз мәрт жаўынгер.
26 Лебий урыўынан: төрт мың ал-
ты жүз адам.
27 Харон нәсилиниң басшысы
Еҳояда ҳәм оның менен бирге бол-
ғанлар үш мың жети жүз адам.
28 Жас ҳәм мәрт жаўынгер Садоқ
ҳәм оның тийресинен жигирма еки
әскербасы.
29 Шаулдың урыўласлары болған
Бенямин урыўынан: үш мың адам.
Беняминлилердиң көпшилиги сол
ўақытқа дейин Шаулдың шаңара-
ғына садық болып қалды.
30 Эфрайым урыўынан: өз әў-
лады арасында атағы шыққан
жигирма мың сегиз жүз мәрт жа-
ўынгер.
31 Даўытты патша етип қойыў
ушын, Менашше урыўының яры-
мынан арнаўлы түрде шақырыл-
ғанлар он сегиз мың адам.
32 Иссахар урыўынан: дәўир та-
лабын түсинетуғын, Израилдың
не ислеў кереклигин билетуғын
еки жүз ләшкербасы ҳәм олардың
қол астындағы адамлар.
33 Зебулон урыўынан: елиў мың
адам. Олар урыс қуралларының
ҳәмме түри менен қуралланған бо-
лып, Даўытқа шын жүректен жәр-
дем бериў ушын келди.
34 Нафталий урыўынан: мың әс-
кербасы ҳәм олар менен бирге қал-
қан ҳәм найза менен қуралланған
отыз жети мың адам.
35 Дан урыўынан: урысқа та-
яр жигирма сегиз мың алты жүз
адам.
36 Ашер урыўынан: урысқа таяр,
тәжирийбели қырық мың әскер.
37 Иордан дәрьясының шығы-
сында жасайтуғын Рубен ҳәм
Гад урыўлары менен Менашше
урыўының ярымынан: урыс қу-
ралларының ҳәмме түри менен
қуралланған бир жүз жигирма
мың адам.
38 Булардың ҳәммеси сап тар-
тып, урысқа шығыўға таяр әскер-
лер еди. Олар қатты қәлеў менен,
Даўытты пүткил Израил үстинен
патша етип қойыў ушын Хеброн-
ға келди. Қалған израиллылар да
Даўытты патша етиў нийетинде
еди. 39 Хебронға келгенлер Да-
ўыттың жанында үш күн қалды
ҳәм туўысқанлары таярлап бер-
ген азық-аўқатларды ишип-жеди.
40 Сондай-ақ, Иссахар, Зебулон
ҳәм Нафталий урыўларының
алыс аймақларынан да адамлар
ешек, түйе, ғашыр ҳәм өгизлер-
ге азық-аўқат тийеп келди. Олар
мол етип ун, кептирип нығызлан-
ған әнжир менен кишмиш, ша-
рап, зәйтүн майын, ири ҳәм майда
малларды көп етип алып келди.
Себеби Израилда шадлық ҳүким
сүрген еди.

### Келисим сандығының Кирят-Яримнен алып келиниўи

**13** [1] Даўыт барлық басшыла-
ры, мыңбасылары ҳәм жүз-
басылары менен мәсләҳәтлести.
[2] Соңынан ол пүткил Израил жә-
мийетине былай деди:
– Егер бул сизлерге мақул бол-
са ҳәм Қудайымыз Жаратқан
Ийениң еркине сай болса, онда
Израил жериниң ҳәр тәрепинде
жасап атырған туўысқанларымыз-
ға ҳәм қалалары менен жайлаў-
лары әтирапында жасап атырған
руўханийлер менен лебийлилер-
ге хабаршылар жиберейик. Олар
да келип, бизлерге қосылсын.
[3] Қудайымыздың сандығын өз-
леримизге қайтарып алып келе-
йик. Өйткени Шаулдың дәўиринде
Қудайдың еркин билиўде оннан
пайдаланбадық.
[4] Бул усыныс пүткил жәмийетке
мақул түсти, себеби пүткил халық
нәзеринде бул ис туўры еди.
[5] Солай етип, Даўыт Қудайдың
Келисим сандығын Кирят-Ярим-
нен алып келиў ушын, Мысырдағы
Шихор дәрьясынан Лебо-Хамат-
қа дейинги жерлерде жасайтуғын
барлық израиллыларды жыйнады.
[6] Кейин Даўыт ҳәм барлық израил-
лылар керублар[a] арасында тахтта
отырған Жаратқан Ийениң аты
менен аталған Қудайдың Кели-
сим сандығын алып келиў ушын,
Яҳудадағы Баала қаласына, яғный
Кирят-Яримге кетти.
[7] Олар Қудайдың сандығын Аби-
надабтың үйинен алып, таза бир
арбаға қойды. Арбаға жегилген өгиз-
лерди Узза менен Ахйо жетеклеп
жүрди. [8] Ал Даўыт ҳәм пүткил Изра-
ил халқы Қудайдың алдында қосық-
лар айтып, лира[b], арфа, дәп, кимбал
ҳәм кәрнай шертип, бар күши менен
шадлыққа бөленип киятырған еди.
[9] Олар Кидонның қырман же-
рине жеткенде, өгизлер сүрнигип
кетти ҳәм қулап кетпеўи ушын Уз-
за қолын созып, сандықты услады.
[10] Сонда Уззаға қарсы Жаратқан
Ийениң ғәзеби лаўлады ҳәм сан-
дыққа қолын созғаны ушын, оны
өлтирди. Узза сол жерде, Қудайдың
алдында жан тапсырды.
[11] Жаратқан Ийениң Уззаны
жазалағаны ушын, Даўыт қатты
ашыўланды. Сол күннен баслап,
ҳәзирге дейин бул орын Перес-Уз-
за[c] деп аталады.
[12] Даўыт сол күни Қудайдан қор-
қып: «Қудайдың сандығын жаныма
қалай алып келе аламан?» – деди.
[13] Сол күни Даўыт сандықты өзи-
ниң жанына, Даўыттың қаласына
алып бармай, гатлы Обед-Эдомның
үйине апарды. [14] Қудайдың санды-
ғы гатлы Обед-Эдомның үйинде
үш ай турды. Жаратқан Ийе Обед-
Эдомның шаңарағын ҳәм оған ти-
йисли ҳәр бир нәрсени жарылқады.

### Даўыттың шаңарағы

**14** [1] Тир патшасы Хирам Да-
ўытқа елшилер, соның ме-
нен бирге сарай қурылысы ушын

---

[a] **13:6** *Керуб* – қанатлы руўхый барлық.
[b] **13:8** *Лира* – бармақ пенен шертилетуғын тарлы саз әсбабы.
[c] **13:11** *Перес-Узза* – «Уззаның қыйралыўы» дегенди билдиреди.

кедр ағашларын, тас қалаўшылар-
ды ҳәм ағаш усталарын жиберди.
[2] Сонда Даўыт Жаратқан Ийениң
өзин Израилға патша етип та-
йынлағанын ҳәм Өз халқы Изра-
ил ушын оның патшалығын уллы
даңққа еристиргенин түсинди.
[3] Даўыт Ерусалимде және бир не-
ше ҳаяллар алды ҳәм олардан да
ул ҳәм қызлар көрди. [4] Даўыттың
Ерусалимде туўылған перзентле-
риниң атлары мыналар: Шаммуа,
Шобаб, Натан, Сулайман, [5] Иб-
хар, Элишуа, Элпелет, [6] Ногаҳ, Не-
фег, Яфиа, [7] Элишама, Белияда ҳәм
Элифелет.

### Филистлердиң жеңилиске ушыраўы

[8] Филистлер Даўыттың майла-
нып, пүткил Израилға патша етип
қойылғанын еситкенде, пүткил
филист әскерлери Даўытты қол-
ға түсириў ушын излеп кетти. Бу-
ны еситкен Даўыт оларды қарсы
алыўға шықты. [9] Филистлер келип,
Рефаим ойпатлығына шабыўыл жа-
сады. [10] Даўыт Қудайдан:
– Филистлерге қарсы жүрис қы-
лайын ба? Оларды маған тәслим
етесең бе? – деп сорады.
Жаратқан Ийе оған:
– Аўа, жүрис қыл. Оларды саған
тәслим етемен, – деди.
[11] Сонда Даўыт әскерлери ме-
нен бирге Баал-Перасимге[a] кетти
ҳәм ол жерде филистлерди қый-
ратты. Кейин ол: «Ҳәр бир бөгет-
ти жайпап өтетуғын суў тасқыны
сыяқлы, Қудай душпанларымды
мениң қолым менен қыйратып
таслады», – деди. Сонлықтан сол
жерге Баал-Перасим деген ат бе-
рилди. [12] Филистлер бутларын сол
жерге таслап қашқан еди. Даўыт-
тың буйрығы бойынша, бутлар жа-
ғып жиберилди.
[13] Көп өтпей, филистлер қайтадан
сол ойпатлыққа шабыўыл жасады.
[14] Даўыт және Қудайдан сорады ҳәм
Қудай оған былай деп жуўап берди:
– Оларға бул жерден ҳүжим қыл-
ма. Оларды айланып өтип, арт
жағынан, тут ағашлары тәрептен
ҳүжим қыл. [15] Сен тут ағашлары-
ның жоқарысынан аяқ сеслери сы-
яқлы даўысты еситиўден-ақ, оларға
ҳүжимге өт. Себеби сол ўақытта
Мен сениң алдыңда филист орда-
сын қыйратыў ушын баратырған
боламан.
[16] Даўыт Қудайдың буйырғанын-
дай қылды ҳәм филист ордасын
Гибоннан Гезерге дейин қыйра-
тып барды.
[17] Солай етип, Даўыттың даңқы
дөгеректеги еллердиң ҳәммеси-
не жайылды. Жаратқан Ийе бар-
лық халықларды оннан қорқатуғын
қылды.

### Келисим сандығының Ерусалимге алып келиниўи

**15** [1] Даўыт өз аты менен атал-
ған қалаға өзи ушын үйлер
салдырды. Ол Қудайдың Келисим
сандығы ушын да бир орын таяр-
лап, шатыр қурды. [2] Кейин Даўыт:
«Қудайдың Келисим сандығын тек
ғана лебийлилер көтерип жүреди.
Өйткени Жаратқан Ийе сандық-
ты алып жүриў ҳәм мәңгиге Өзине

---

a **14:11** *Баал-Перасим* – «Қыйратыў Мырзасы» дегенди билдиреди.

хызмет етиў ушын лебийлилерди
таңлап алды», – деди.
[3] Даўыт Жаратқан Ийениң сан-
дығын өзи таярлаған жерге алып
келиў ушын, пүткил Израил хал-
қын Ерусалимге жыйнады. [4] Кейин
төменде аты аталған Харонның ур-
пақларын ҳәм лебийлилерди бир
жерге топлады:
[5] Қоҳат урпағынан: басшы Ури-
елди ҳәм оның бир жүз жигирма
ағайинин;
[6] Мерарий урпағынан: басшы
Асаяны ҳәм оның еки жүз жигир-
ма ағайинин;
[7] Гершом урпағынан: басшы
Иоелди ҳәм оның бир жүз отыз
ағайинин;
[8] Элисафан урпағынан: басшы
Шемаяны ҳәм оның еки жүз аға-
йинин;
[9] Хеброн урпағынан: басшы Эли-
елди ҳәм оның сексен ағайинин;
[10] Уззиел урпағынан: басшы
Амминадабты ҳәм оның бир жүз
он еки ағайинин.
[11] Соннан кейин, Даўыт руўха-
нийлер Садоқ пенен Абиятарды,
лебийлилер Уриел, Асая, Иоел, Ше-
мая, Элиел ҳәм Амминадабты ша-
қырып алып, [12] оларға былай деди:
– Сизлер лебийлилердиң тийре
басшыларысыз. Сонлықтан лебий-
ли туўысқанларыңыз бенен бирге
тазаланыў рәсиминен өтиңлер. Ке-
йин Израилдың Қудайы Жаратқан
Ийениң сандығын мен таярлаған
орынға алып келиңлер. [13] Өткен
сапар сандықты сизлер, лебийли-
лер көтерип жүрмегениңиз ушын,
Қудайымыз Жаратқан Ийе биз-
лерге ғәзебин шашқан еди. Сонда
бизлер оны қағыйдаға сай, қалай
алып жүриў кереклигин Қудайдан
сорамаған едик.
[14] Солай етип, руўханийлер менен
лебийлилер Израилдың Қудайы
Жаратқан Ийениң сандығын алып
келиў ушын, тазаланыў рәсиминен
өтти. [15] Жаратқан Ийениң Муўса
арқалы берген буйрығы бойын-
ша, лебийлилер Қудайдың сан-
дығының қадаларын ийинлерине
қойып, көтерип жүрди.
[16] Даўыт лебийлилердиң басшы-
ларына туўысқанлары арасынан
арфа, лира ҳәм кимбал саз әсбапла-
ры ҳаўазы астында қуўанышлы қо-
сықлар айтатуғын қосықшыларды
тайынлаўды тапсырды. [17] Лебий-
лилер Иоел улы Ҳеманды, оның
туўысқанларынан Берехия улы
Асафты ҳәм Мерарий урпағынан
Қушая улы Этанды тайынлады.
[18] Олардан кейинги екинши дәре-
жеге туўысқанларынан мыналар
тайынланды: Зехария, Бен, Язиел,
Шемирамот, Ехиел, Унний, Элиаб,
Беная, Маасея, Маттития, Элифе-
леҳу, Микнея, сондай-ақ, дәрўаза
қараўыллары Обед-Эдом ҳәм Еи-
ел. [19] Сазенделер Ҳеман, Асаф ҳәм
Этанға қоладан исленген кимбал-
ды даңғырлатыў, [20] Зехария, Азиел,
Шемирамот, Ехиел, Унний, Элиаб,
Маасея ҳәм Бенаяға арфаны жоқар-
ғы даўыста шертиў, [21] ал Маттития,
Элифелеҳу, Микнея, Обед-Эдом,
Еиел ҳәм Азазияға төменги даўыс-
та лира шертип, сазда жетекшилик
етиў тапсырылды. [22] Лебийлилер-
диң басшысы Кенания қосықшы-
ларға жуўапкер болды, себеби ол
бул истиң маманы еди.
[23] Берехия менен Элқана Ке-
лисим сандығына қараўыл етип

тайынланды. 24 Шебания, Иошафат,
Нетанел, Амасай, Зехария, Беная,
Элиезер атлы руўханийлер Қудай-
дың Келисим сандығының алдын-
да кәрнай шертип туратуғын болды.
Обед-Эдом менен Ехия да Келисим
сандығын қараўыллап туратуғын
болды.

25 Солай етип, Даўыт, Израил
ақсақаллары ҳәм мыңбасылар
Жаратқан Ийениң Келисим сан-
дығын Обед-Эдомның үйинен алып
келиў ушын қуўанышлы түрде
жолға шықты. 26 Жаратқан Ийениң
Келисим сандығын алып киятыр-
ған лебийлилерге Қудайдың Өзи
яр болғанлықтан, жети буға менен
жети қошқар қурбанлыққа шалын-
ды. 27 Даўыт ҳәм сандықты көте-
рип алып киятырған лебийлилер,
қосықшылар ҳәм қосықшылардың
басшысы Кенания ҳасыл зығырдан
тигилген кийим кийген еди. Бунның
сыртынан Даўыт зығыр эфод[a] та
кийип алған еди. 28 Усылайынша,
пүткил Израил халқы ҳәр түрли
кәрнайлар, кимбал, арфа ҳәм лира
намасы астында қуўанышлы түрде
бақырысып, Жаратқан Ийениң Ке-
лисим сандығын алып киятырған
еди. 29 Жаратқан Ийениң Келисим
сандығы Даўыттың қаласына ки-
рип киятырғанда, Шаулдың қызы
Михал терезеден қарап турған еди.
Ол шадланып ойынға түсип кия-
тырған Даўыт патшаны көргенде,
оны өз кеўлинде пәс көрип кетти.

# 16

1 Қудайдың сандығы алып
келинип, Даўыттың арнаў-
лы түрде қурдырған шатырының
ишине қойылды. Соңынан Қудай-
ға арнап жандырылатуғын ҳәм та-
тыўлық қурбанлықларын берди.
2 Жандырылатуғын ҳәм татыўлық
қурбанлықларын берип болғаннан
кейин, Даўыт Жаратқан Ийениң
аты менен халыққа пәтия берди.
3 Кейин ол пүткил израиллылар-
ға – ҳәр бир еркек ҳәм ҳәр бир
ҳаялға бир шөрек нан, бир уўыс
хурма ҳәм бир дана кептирип ны-
ғызланған кишмиштен тарқатты.

4 Даўыт лебийлилердиң айырым-
ларын Жаратқан Ийениң сандығы
алдында хызмет етип, Израилдың
Қудайы Жаратқан Ийеге жалбары-
ныў ҳәм Оны тәрийиплеп, алғыс-
мақтаў айтыў ушын тайынлады.
5 Олардың басшысы Асаф, оның
жәрдемшиси Зехария, кейингилери
Еиел, Шемирамот, Ехиел, Матти-
тия, Элиаб, Беная, Обед-Эдом ҳәм
Еиел еди. Олар арфа ҳәм лира шер-
тиўи, Асаф болса бәлент даўыслы
кимбал, 6 ал руўханий Беная менен
Яхазиел Қудайдың Келисим сан-
дығының алдында ҳәр күни бел-
гиленген ўақытта кәрнай шертиўи
тийис болды.

## Даўыттың миннетдаршылық жыры

7 Сол күни Даўыт биринши рет
Асафқа ҳәм оның туўысқанлары-
на Жаратқан Ийеге арнап, мына
алғыслаў жырын айтыўды тап-
сырды:

8 «Жаратқан Ийени алғыслап,
атын айтып шақырың,
Халықларға билдириң Оның
ислерин!

---

a 15:27 *Эфод* – әдетте руўханийлер кийген кийим.

9 Оны жырлап, саз шертип алғыс
айтың,
Баян етиң барлық әжайып
ислерин!
10 Оның мухаддес аты менен
мақтаның,
Жаратқан Ийени
излейтуғынлардың
жүреклери шадлыққа
толсын!
11 Жаратқан Ийени ҳәм Оның
қүдиретин излең,
Бәрқулла Оның дәргайында
болыўға умтылың!
12 Есте сақлаң Оның ислеген
әжайып ислерин,
Кәраматлары менен аўзынан
шыққан ҳүкимлерин!
13 Ҳәй, Оның қулы болған Израил
урпақлары,
Ол таңлап алған Яқыптың
балалары!
14 Ол – Жаратқан Ийе, бизлердиң
Қудайымыз!
Ҳүкимлери пүткил жер жүзин
қаплаған.
15 Мәңгиге есте сақлаң Оның
келисимин,
Мың-мыңлаған әўладларға
берген сөзин,
16 Ибрайым менен дүзген
келисимин,
Ысаққа берген антын!
17 Буны Яқып ушын бир қағыйда
етип тастыйықлады,
Израил ушын мәңгилик
келисим қылып:
18 „Әўладларыңның пайына
тийген мүлик етип,
Қанан жерин саған беремен“, –
деди.[a]
19 Сол ўақытта олар саны жағынан
аз еди,
Сол жерде аз санлы ҳәм
келгинди еди.
20 Олар бир халықтан
екиншисине,
Бир патшалықтан екиншисине
гезип жүрген еди.
21 Жаратқан Ийе ҳеш кимниң
оларды езиўине жол
қоймады,
Олар ушын патшаларға
ескертиў берип:
22 „Мениң майлағанларыма тиймең,
Пайғамбарларыма жаманлық
қылмаң!“ – деди.
23 Ҳәй, пүткил дүнья, Жаратқан
Ийеге арнап қосық айтың!
Ҳәр күни жәриялаң Оның
қутқарыўын!
24 Баян етиң даңқын миллетлерге,
Әжайып ислерин барлық
халықларға!
25 Аўа, Жаратқан Ийе уллы,
мақтаўға жүдә ылайықлы,
Барлық қудайлардан айбатлы.
26 Халықлардың барлық
қудайлары жалған,
Ал Жаратқан Ийе көклерди
жаратқан.
27 Салтанат ҳәм уллылық Оның
дәргайында,
Қүдирет ҳәм қуўаныш Оның
мәканында.
28 Ҳәй, пүткил халықлар,
Жаратқан Ийени мақтаң,
Жаратқан Ийениң салтанатын
ҳәм қүдиретин мақтаң!
29 Жаратқан Ийениң салтанатын
атына ылайықлы түрде
мақтаң,

---

a **16:18** Жар 12:7; 17:8; 26:3; 28:13.

Сыйлар алып, Онын алдына
киринӊ!
Мухаддес сән-саўлатқа
бөленген Жаратқан Ийеге
сыйынының!
30 Титиреӊ пүткил жер жүзи Онын
алдында!
Дүнья беккем орнатылған, ол
тербелмейди.
31 Қуўансын көклер, йошлансын
жер жүзи,
Миллетлер арасында:
„Жаратқан Ийе патшалық
қылмақта!“ – деп
айтылсын.
32 Йошлансын теӊиз ҳәм оны
толтырып турғанлар!
Қуўансын дала ҳәм оның
үстиндегилер!
33 Сонда тоғайдағы ағашлар
шадланып бақырысар,
Жаратқан Ийениӊ алдында.
Өйткени Ол жер жүзин ҳүким
етиў ушын киятыр.
34 Жаратқан Ийени тәрийиплеӊ,
Ол ийгиликли,
Садықлығы мәӊги даўам етеди.
35 Оған былай деӊлер:
„Қутқарыўшымыз Қудай,
бизлерди қутқар,
Бизлерди жыйнап, басқа
халықлардан азат ет.
Мухаддес атыӊды
тәрийиплейик,
Саған алғыс айта алғанымыз
ушын мақтанайық“.
36 Израилдиӊ Қудайы Жаратқан
Ийеге,
Әўел бастан, мәӊгиге дейин
алғыслар болсын!»

Пүткил халық: «Аўмийин!» – деп, Жаратқан Ийеге алғыс-мақтаўлар айтты.

## Лебийлилердиӊ хызметке тайынланыўы

37 Даўыт Асафты ҳәм оныӊ аға-
йинлерин Жаратқан Ийениӊ Кели-
сим сандығыныӊ алдында болып,
сол жерде ҳәр күнги мүтәжликлерге
қарай бәрқулла хызмет етиў ушын
бекитти. 38 Олар менен бирге хыз-
мет етиўи ушын Обед-Эдомды ҳәм
оныӊ алпыс сегиз лебийли ағайи-
нин де тайынлады. Едутунныӊ улы
Обед-Эдом менен Хоса дәрўаза қа-
раўыллары болды.
39 Даўыт руўханий Садоқ пенен
оныӊ руўханий туўысқанларын
Гибондағы сыйыныў орнына қу-
рылған Жаратқан Ийениӊ Мухад-
дес шатырына хызметке қойды.
40 Олар Жаратқан Ийениӊ Изра-
илға берген Нызамында жазылған
барлық қағыйдаларға сай, ҳәр кү-
ни таӊда ҳәм кеште жандырыла-
туғын қурбанлықлар берилетуғын
қурбанлық орында Жаратқан Ийе-
ге арнап, қурбанлықлар беретуғын
болды. 41 Олар менен бирге Ҳеман-
ды, Едутунды ҳәм атлары аталып
таӊлап алынған басқа адамларды
Жаратқан Ийениӊ садықлығыныӊ
мәӊги даўам ететуғынын тәрийип-
леў ушын тайынлады. 42 Ҳеман
менен Едутун Қудайға алғыс-мақ-
таў айтылғанда, кәрнай, кимбал,
және де, басқа саз әсбапларыныӊ
шертилиўине жуўапкер еди. Еду-
тунныӊ уллары дәрўаза қараўыл-
лары етип тайынланды. 43 Соннан
кейин, пүткил халық өз үйлери-
не тарқасты. Даўыт та өз шаӊара-
ғындағыларға пәтия бериў ушын,
үйине қайтты.

## Қудайдың Даўытқа берген ўәдеси

**17** 1 Даўыт сарайына жайға-
сып алғаннан кейин, Натан
пайғамбарға:
– Қара, мен кедр ағашынан қу-
рылған сарайда жасап атырман. Ал
Жаратқан Ийениң Келисим сан-
дығы болса, шатырда тур! – деди.
2 Натан Даўытқа:
– Жүрегиңиз нени қәлесе, соны
ислең. Себеби Қудай сиз бенен бир-
ге, – деп жуўап берди.
3 Бирақ сол күни түнде Натанға
Қудайдан мынадай сөз түсти:
4 – Барып, қулым Даўытқа бы-
лай деп айт: «Жаратқан Ийе бы-
лай дейди: Мәкан басыўым ушын,
Маған арнап үйди сен қурмайсаң.
5 Израил халқын Мысырдан алып
шыққан күнимнен баслап бүгин-
ге дейин, Мен үйде жасамадым.
Ал шатырдан-шатырға, ана жер-
ден мына жерге көшип жүрдим.
6 Пүткил израиллылар менен бирге
көшип жүрген жерлерде халқым-
ды басқарыўды буйырған Израил
бийлериниң қайсы бирине: Неге
Маған кедр ағашынан үй қурып
бермедиңиз? – деген едим?»
7 Енди қулым Даўытқа былай деп
айт: «Әлемниң Жаратқан Ийеси
былай дейди: Мен сени жайлаўда
қой бағып жүрген жериңнен алып,
халқым Израилға ҳүкимдар етип
қойдым. 8 Қай жерге барсаң да, се-
ниң менен бирге болып, алдың-
дағы ҳәмме душпанларыңды жоқ
қылдым. Атыңды дүньядағы ул-
лы адамлардың атлары сыяқлы
уллы қыламан. 9 Халқым Израил
ушын орын таярлап, оларды сол
жерге орналастыраман. Олардың
өз журты болады ҳәм ҳеш ким ты-
нышын бузбайды. Залымлар олар-
ға бурынғыдай зорлық қылмайды.
10 Халқым Израилға бийлер қойған
ўақыттан бери, залымлар оларды
езип келмекте. Мен барлық душ-
панларыңызды бойсындыраман.
Жаратқан Ийең болған Мен са-
ған өзиң ушын бир шаңарақ – пат-
шалар әўладын жарататуғынымды
билдиремен.
11 Сен өлип, ата-бабаларыңның
жанына атланғаныңда, зүрядыңнан
бирин тахтқа отырғызып, оның
патшалығын беккемлеймен. 12 Мен
ушын үйди ол қурады. Ал Мен бол-
сам, оның тахтын мәңгилик қылып
орнатаман. 13 Мен оған Әке бола-
ман, ол Маған ул болады. Сеннен
алдын болған патшадан мийри-
мимди тартып алғаным сыяқлы,
оннан Өз мийримимди ҳеш қашан
тартып алмайман. 14 Мен оны Өз
үйимниң ҳәм патшалығымның үс-
тинен мәңгиге қояман. Оның тахты
мәңгиге беккем болады».
15 Солай етип, Натан аян арқалы
берилген бул сөзлердиң ҳәммесин
Даўытқа айтып берди.

## Даўыттың миннетдаршылық дуўасы

16 Соңынан Даўыт патша келип,
Жаратқан Ийениң алдында отыр-
ды да, былай деди:
– Қудай, Жаратқан Ийе! Сен мени
буншелли мәртебели қылғандай,
мен ким болыппан, мениң шаңа-
рағым да не болыпты? 17 Қудай,
Сениң нәзериңде бул да аз бол-
ғандай, қулыңның урпағының ке-
лешеги туўралы да айтып бердиң.

Қудай, Жаратқан Ийе, Сен маған
уллы бир адам сыяқлы қарадың!
18 Қулыңа иззет-ҳүрмет көрсетке-
ниң ушын, мен Саған басқа не айта
аламан! Өйткени Сен Өз қулыңды
билесең. 19 Жаратқан Ийе! Қулың-
ның ийгилиги ушын, жүрегиңе му-
ўапық болған бул уллы исти ислеп,
уллы ўәделерди ашық билдирдиң.
20 Жаратқан Ийе, өз қулақла-
рымыз бенен еситкен барлық ха-
барымыз бойынша, Саған тең
келетуғыны жоқ, Сеннен басқа
Қудай да жоқ! 21 Дүньяда халқың
Израилға уқсаған бирде бир ха-
лық жоқ. Оларды Өз халқың қы-
лыў ушын, азат қылыўға бардың.
Сен Мысырдан Өзиң ушын азат
қылған халқыңның алдынан басқа
халықларды қуўып жиберип, уллы
ҳәм таң қаларлық ислериң арқалы
Өз атыңды уллылыққа еристирдиң.
22 Сен халқың Израилды мәңги-
ге Өз халқың қылдың ҳәм Өзиң,
Жаратқан Ийе олардың Қудайы
болдың.
23 Енди, Жаратқан Ийе! Қулыңа
ҳәм оның урпағына берген ўәдең-
ди мәңгиге тастыйықлап, сөзиңди
орынлай гөр. 24 Солай етип, адам-
лар: «Израилдың Қудайы болған
Әлемниң Жаратқан Ийеси – Изра-
илдың Қудайы!» – десин ҳәм атың
мәңги турып, уллылансын. Қулың
Даўыттың урпағы да Сениң алдың-
да беккем турсын.
25 Қудайым! Сен маған мен ушын
бир шаңарақ – патшалық жаратату-
ғыныңды аян қылдың. Сонлықтан
қулың Сениң алдыңда дуўа етиўге
жүрек етти. 26 Жаратқан Ийе, Сен
Қудайсаң! Қулыңа усы ийгиликли
нәрселерди ўәде еттиң. 27 Өзиңниң
алдыңда мәңгиге болыўы ушын,
қулыңның патшалығын жарылқаў-
ды мақул таптың. Жаратқан Ийе,
оны Сен жарылқағаның ушын, ол
мәңгиге жарылқанатуғын болады.

## Даўыттың жеңислери

18 1 Арадан бираз ўақыт өт-
кеннен кейин, Даўыт
филистлерди жеңип, оларды бой-
сындырды. Гат қаласын ҳәм оның
дөгерегиндеги аўылларды филист-
лердиң қолынан тартып алды.
2 Соңынан моаб халқын да же-
ңилиске ушыратты. Олар Даўытқа
бағынышлы болып, салық төлей-
туғын болды.
3 Және де, Соба патшасы Ҳада-
дезер Евфрат дәрьясы бойлап өз
патшалығын бекитиўге барғанда,
Даўыт оған Хаматқа дейин шабы-
ўыл жасап, жеңип шықты. 4 Даўыт
оның мың саўаш арбасын, жети
мың арбалы ҳәм жигирма мың
пияда әскерин қолға түсирди. Ол
саўаш арбасына жегилетуғын бар-
лық атлардың тирсеклерин кесип
майырып, оннан тек жүз атты ға-
на алып қалды.
5 Даўыт Соба патшасы Ҳададезер-
ге жәрдемге келген Дамаскте жа-
сайтуғын арамлардан жигирма еки
мың адамды өлтирди. 6 Соңынан
ол Дамасктеги арамлардың жери-
не өзиниң сақшылар топарын ор-
наластырды. Арамлар да Даўытқа
бағынышлы болып, салық төлей-
туғын болды. Даўыт қай жерге бар-
са да, Жаратқан Ийе оны жеңиске
еристирди.
7 Даўыт Ҳададезердиң сәркәрда-
лары алып жүрген алтын қалқан-
ларды алып, Ерусалимге әкелди.

[8] Және де, ол Ҳададезердиң қол
астындағы Тибхат ҳәм Кун қалала-
рынан көп муғдарда қола алды. Ке-
йин ала, Сулайман буны Үй ушын
ҳәўиз, сүтинлер ҳәм ҳәр қыйлы бу-
йымлар ислетиў ушын қолланды.
[9] Хамат патшасы Тоў Даўыттың
Соба патшасы Ҳададезердиң пүт-
кил әскерлерин жеңип шыққаны-
нан хабар тапты. [10] Сонда Тоў өз
улы Ҳадорамды[a] сәлем бериў ҳәм
Ҳададезер үстинен ерискен жеңи-
си менен қутлықлаў ушын Даўыт
патшаға жиберди. Себеби Тоў Ҳа-
дадезер менен узақ ўақыттан бери
урысып киятырған еди. Ҳадорам
Даўытқа алтын, гүмис ҳәм қола-
дан исленген ҳәр түрли саўғалар
алып келди. [11] Патша Даўыт бул
саўғаларды барлық миллетлер-
ден – эдом, моаб, аммон, филист
ҳәм амалек халықларынан алып
келген гүмис ҳәм алтын менен бир-
ге Жаратқан Ийеге бағышлады.
[12] Серуя улы Абишай Дуз ойпат-
лығында эдом халқынан он сегиз
мың адамды қырғынға ушыратты.
[13] Даўыт Эдомға сақшылар топа-
рын орналастырды. Пүткил эдом
халқы Даўытқа бағынышлы болды.
Даўыт қайда барса да, Жаратқан
Ийе оны жеңиске еристирди.

### Даўыттың хызметкерлери

[14] Даўыт пүткил Израилда пат-
шалық етип, халқына туўры ҳәм
әдиллик пенен ҳүкимдарлық етти.
[15] Серуя улы Иоаб сәркәрда, Ахилуд
улы Еҳошафат дийўанбеги болды.
[16] Ахитуб улы Садоқ пенен Абия-
тар улы Абимелех руўханий, ал
Шаўша[b] хаткер еди. [17] Еҳояда улы
Беная керетлер менен пелетлерден
алынған тән сақшылардың[c] сәркәр-
дасы еди. Даўыттың уллары да пат-
шаның бас хызметкерлери болды.

### Даўыттың аммонлар менен арамларды жеңиўи

**19** [1] Арадан бир қанша ўақыт
өткеннен соң, аммонлардың
патшасы Нахаш өлип, оның орны-
на улы патша болды. [2] Сонда Даўыт:
«Әкеси маған жақсылық еткени
ушын, мен де Нахаш улы Ханун-
ға жақсылық етейин», – деп ойлап,
әкесиниң өлимине кеўил айтыў
ушын Ханунға елшилерин жиберди.
Даўыттың хызметшилери Ханун-
ға кеўил билдириў ушын аммон-
лардың жерине барғанда, [3] аммон
басшылары Ханунға:
– Даўыт бул адамларды әкеңиз-
диң ҳүрмети ушын, сизге кеўил
айтыўға жиберген деп ойлайсыз
ба? Яқ, олар елди көзден өткерип,
билип алыў ҳәм қыйратыў ушын
келген, – деди.
[4] Солай етип, Ханун Даўыттың
хызметшилерин тутқынға алып,
сақалларын қырқтырды, шапан-
ларын жамбасына келетуғын етип
кестирип, оларды изине қайтарып
жиберди.
[5] Солай етип, олар қайтып кет-
ти. Даўыт елшилери туўралы

---

[a] **18:10** *Ҳадорам* – Иорамның басқа аты. 2Пат 8:10 қараң.
[b] **18:16** *Шаўша* – 2Пат 8:17 де Серая делинген.
[c] **18:17** *Керетлер менен пелетлерден алынған тән сақшылар* – шет елден жал-
лап алынған тән сақшылар болыўы мүмкин.

еситкенде, оларды күтип алыў
ушын адам жиберди. Өйткени ел-
шилер қатты хорланған еди. Пат-
ша оларға: «Сақалыңыз өскенше,
Ерихода қалыңлар, соңынан қай-
тып келесизлер», – деди.
6 Аммонлар Даўытты өзлери-
не қарсы өшегистирип алғанын
түсинди. Сонлықтан Ханун ме-
нен аммонлар Арам-Наҳарайым,
Арам-Мааха ҳәм Собадан саўаш
арбалары менен арбалы әскер-
лерди жаллап алыў ушын мың
талант[a] гүмис жиберди. 7 Ханун
отыз еки мың саўаш арбасын ҳәм
Мааха патшасы менен оның әскер-
лерин жаллады. Мааха патшасы
әскерлери менен келип, Медеба
қаласының алдына орда қурды.
Аммонлар да қалаларынан шы-
ғып, урысқа атланды.
8 Даўыт буны еситкенде, Ио-
абты ҳәм мәрт жаўынгерлерден
ибарат болған пүткил әскерлер
топарын оларға қарсы атландыр-
ды. 9 Аммонлар шығып, өз қала-
сының дәрўазасы алдында сап
тартып турды. Жәрдемге келген
патшалар далада бөлек сап тар-
тып турды.
10 Иоаб алдыдан да, арттан да
урысыўға туўры келип турғанын
көргенде, Израилдың ағла әскерле-
ринен базыларын таңлап, арамлар-
ға қарсы сапқа турғызды. 11 Қалған
топарларды иниси Абишайдың қо-
лына тапсырды. Олар аммонларға
қарсы сап тартып турды. 12 Иоаб
инисине былай деди:
– Егер арамлар меннен басым кел-
се, сен маған жәрдемге келесең. Ал
аммонлар сеннен басым келсе, мен
саған жәрдемге бараман. 13 Мәрт
бол! Халқымыз ушын ҳәм Қудайы-
мыздың қалалары ушын мәртлер-
ше гүресейик! Жаратқан Ийе нени
мақул тапса, соны ислесин.
14 Иоаб әскерлери менен бир-
ге арамларға тәп бергенде, арам-
лар олардың алдына түсип қашты.
15 Арамлардың қашқанын көрген
аммонлар да Иоабтың иниси Аби-
шайдан қашып, қалаға кирип кет-
ти. Буннан кейин, Иоаб Ерусалимге
қайтып келди.
16 Арамлар өзлериниң израил-
лылардан жеңилгенин көргенде,
Евфрат дәрьясының арғы жаға-
сындағы арамларға елшилер жи-
берип, Ҳададезердиң сәркәрдасы
Шофахтың қол астындағы арам-
ларды шақырды.
17 Бул Даўытқа мәлим болғанда,
ол пүткил Израил ордасын топ-
лады да, Иордан дәрьясын кесип
өтип, оларға қарсы әскерлерин сап-
қа турғызды. Даўыт арамларға ҳү-
жимге өтип, олар менен урысты.
18 Арамлар израиллылардың ал-
дына түсип қашты. Даўыт олар-
дың жети мың саўаш арбасының
арбакешлерин, қырық мың пияда
әскерин ҳәм олардың сәркәрдасы
Шофахты да өлтирди. 19 Ҳададе-
зердиң қол астындағы патшалар
өзлериниң израиллылардан же-
ңилгенин көргенде, Даўыт пенен
тынышлық келисимин дүзди ҳәм
оған бағынышлы болды.
Буннан кейин, арам халқы аммон
халқына жәрдем бериўден бас тар-
татуғын болды.

---

[a] **19:6** *Мың талант* – бир талант шама менен 34 кг.

### Рабба қаласының ийелеп алыныўы

**20** 1 Келеси жылы бәҳәрде,
патшалар урысқа шыға-
туғын ўақытта, Иоаб әскерлерин
баслап жолға шықты. Олар аммон-
лардың елин ўайран етип, Рабба
қаласын қамал қылды. Бирақ Да-
ўыт Ерусалимде қалған еди. Иоаб
Рабба қаласына ҳүжим жасап, оны
жер менен жексен етти. 2 Даўыт
олардың патшасының басындағы
тажды алды. Ҳасыл таслар менен
безелген, аўырлығы бир талант
келетуғын алтын таж Даўыттың
басына кийгизилди. Даўыт қала-
дан көп муғдарда олжа да алып
қайтты. 3 Ол қала халқын сыртқа
шығарып, оларды жарғы, шөккиш
ҳәм балта менен исленетуғын жу-
мысларды ислеўге мәжбүр етти.
Даўыт аммонлардың қалалары-
ның ҳәммесинде усылай иследи.
Соңынан Даўыт пүткил әскерле-
рин ертип, Ерусалимге қайтты.

### Филистлерге қарсы саўаш

4 Бир қанша ўақыт өткеннен соң,
Гезерде филистлер менен урыс бас-
ланды. Бул урыста хушалы Сиб-
бехай дәў әўладларынан[a] болған
Сиппайды өлтирди. Сонда филист-
лер бас ийди.
5 Филистлер менен болған басқа
саўашта, Яир улы Элханан гатлы Го-
лияттың туўысқаны Лахмийди өл-
тирди. Лахмийдиң найзасының сабы
тоқыў үскенесиниң қадасындай еди.
6 Кейинирек Гат қаласында және
саўаш болды. Ол жерде дәўдей бир
адам бар еди. Оның қоллары ҳәм
аяқлары алты бармақлы болып, ҳәм-
меси болып жигирма төрт бармағы
бар еди. Ол да дәў әўладларынан еди.
7 Усы адам израиллыларды масқа-
ралағанда, Даўыттың әжағасы Ши-
меаның улы Ионатан оны өлтирди.
8 Даўыт ҳәм оның адамлары тә-
репинен өлтирилген усы адамлар
да Гаттағы дәў әўладларынан еди.

### Даўыттың халықты санақтан өткериўи

**21** 1 Шайтан Израилға қарсы
шығып, Даўытты Израил
халқын санақтан өткериўге ийтер-
меледи. 2 Сонда Даўыт Иоабқа ҳәм
ләшкербасыларға:
– Барып, Беер-Шебадан Данға де-
йинги израиллыларды санақтан
өткизип, олардың қанша екенин
билиўим ушын нәтийжесин маған
алып келиң, – деди.
3 Бирақ Иоаб:
– Жаратқан Ийе Израил халқын
ҳәзиргисинен жүз есе қылып кө-
бейтсин. Тақсыр, олардың ҳәммеси
сизиң қулларыңыз емес пе? Неге
усылай ислеўди қәлеп қалдыңыз?
Не ушын Израилды гүнаға батыр-
мақшысыз? – деди.
4 Деген менен, патшаның сөзи
Иоабтың сөзинен үстин келди. Со-
лай етип, Иоаб кетти ҳәм пүткил
Израилды аралап шығып, Еруса-
лимге қайтып келди. 5 Иоаб санақ
нәтийжесин Даўытқа баян қыл-
ды. Пүткил Израилда урысқа жа-
рамлы бир миллион бир жүз мың,
ал Яҳудада төрт жүз жетпис мың
адам бар екен.

---

[a] **20:4** *Дәў әўладларынан* – ямаса «Рефа әўладларынан».

6 Иоаб патшаның буйрығына
наразы болғанлығы себепли, ле-
бийлилер менен бенияминлилерди
есапқа киргизбеди. 7 Бул буйрық
Қудайға да унамады ҳәм Ол Изра-
ил халқын жазалады.

8 Сонда Даўыт Қудайға: «Бул исти
ислеп, үлкен гүнаға баттым. Жал-
барынаман, қулыңның айыбын
кешире гөр. Мен қатты ақмақлық
қылдым», – деди.

9 Жаратқан Ийе Даўыттың ўәли-
йи Гадқа былай деди:

10 – Барып, Даўытқа былай деп
айт: «Жаратқан Ийе былай дейди:
Мен саған үш жазаны усынаман.
Өзиңе солардың биреўин таңла,
кейин саған сол жазаны беремен».

11 Гад Даўытқа барып былай деди:
– Жаратқан Ийе былай дейди:
«Мыналардан бирин таңла: 12 үш
жыл ашлық болсын ба? Үш ай душ-
панларың қуўдалап, сени қырсын
ба? Ямаса Жаратқан Ийениң қы-
лышы болған иллет Оның periш-
теси арқалы пүткил Израил елин
қырғынға ушыратсын ба?» Енди
жақсылап ойлап көрип, мени Жи-
бергенге не деп жуўап беретуғы-
нымды шешиң.

13 Даўыт Гадқа:
– Маған жүдә қыйын. Адамның
қолына түскенше, Жаратқан Ийе-
ниң қолына түсейин. Себеби Оның
рәҳими жүдә күшли, – деп жуўап
берди.

14 Солай етип, Жаратқан Ийе Из-
раил халқына иллет жиберди ҳәм
халықтан жетпис мың адам өл-
ди. 15 Қудай Ерусалимди жоқ етиў
ушын бир periштесин жиберди.
Бирақ Қудайдың periштеси Еруса-
лимди қыра баслағанда, Жаратқан
Ийе болып атырған апатты көрип,
ашынып кетти ҳәм халықты қыр-
ған periштеге: «Жетер енди, қо-
лыңды тарт», – деди. Сол ўақытта
Жаратқан Ийениң periштеси ебус
халқынан болған Орнанның қыр-
ман жеринде турған еди.

16 Даўыт басын көтергенде, қо-
лындағы жалаңашланған қы-
лышын Ерусалим тәрепке созып,
жер менен аспан арасында турған
Жаратқан Ийениң periштесин көр-
ди. Сонда аза кийимин кийген Да-
ўыт пенен халық ақсақаллары ет
бетинен жерге жығылды.

17 Даўыт Қудайға жалбарынып:
«Халқыңды санақтан өткериўди
буйырған мен емеспен бе? Гүна ис-
леп, жаўызлық қылған мен-ғо. Ал
мына қойлардың не жазығы бар?
Қудайым, Жаратқан Ийе! Өтине-
мен, жақсысы, мени ҳәм әкемниң
хожалығын жазала. Бирақ халқың-
ның иллеттен қырылып кетиўине
жол қойма», – деди.

18 Сонда Жаратқан Ийениң пе-
риштеси пайғамбар Гадқа: «Ебус
халқынан болған Орнанның қыр-
ман жерине барып, сол жерде
Жаратқан Ийеге арнап, қурбанлық
орын қурсын», – деген хабарды Да-
ўытқа жеткериўди буйырды. 19 Да-
ўыт Жаратқан Ийениң Гад арқалы
берген буйрығы бойынша жолға
шықты. 20 Қырманда бийдайын ай-
датып атырған Орнан артына қа-
рағанда, periштени көрди. Сонда
оның қасындағы төрт улы жасы-
рынып алды. 21 Сол ўақытта Даўыт
Орнанға жақынлап киятырған еди.
Орнан Даўытты көргенде, қырман-
нан шықты да, ет бетинен жерге жы-
ғылып, Даўытқа тәжим етти.

22 Даўыт Орнанға:
– Мына қырман турған жерди ма-
ған бер. Халыққа келген иллет тоқ-
таў ушын, мен бул жерге Жаратқан
Ийеге арнап қурбанлық орын қура-
ман. Қырман турған жерди маған
толық қунына сат, – деди.
23 Орнан Даўытқа:
– Ала бериң! Тақсыр, нени ма-
қул көрсеңиз, соны ислең. Мине,
өгизлерди жандырылатуғын қур-
банлық ушын, түйек айдайтуғын
тахтаны отын ушын ҳәм бийдай-
ды ғәлле садақасы ушын беремен.
Булардың ҳәммесин беремен, – деп
жуўап берди.
24 Бирақ патша Даўыт Орнанға:
– Яқ, болмайды! Буларды толық
қунын төлеп, сатып аламан. Са-
ған тийисли нәрселерди Жаратқан
Ийеге усынбайман. Тегин нәрсени
жандырылатуғын қурбанлық етип
усынбайман, – деди.
25 Солай етип, Даўыт бул жер
ушын Орнанға алты жүз ше-
кел[a] алтын төледи. 26 Даўыт сол
жерге Жаратқан Ийеге арнап
қурбанлық орын қурып, жанды-
рылатуғын қурбанлықларды ҳәм
татыўлық қурбанлықларын бер-
ди. Ол Жаратқан Ийеге жалбарын-
ды ҳәм Жаратқан Ийе қурбанлық
орындағы жандырылатуғын қур-
банлыққа аспаннан от жиберип,
оған жуўап берди.
27 Буннан кейин, Жаратқан Ийе
периштеге қылышын қынабына са-
лып қойыўды буйырды. Периште
буйрықты орынлады. 28 Даўыт ебус
халқынан болған Орнанның қыр-
манында Жаратқан Ийениң өзине
жуўап бергенин көргенде, ол жер-
де қурбанлықлар шалды. 29 Шөл-
де Жаратқан Ийеге арнап Муўса
қурдырған шатыр ҳәм жандыры-
латуғын қурбанлық берилетуғын
қурбанлық орын сол ўақытта Ги-
бондағы сыйыныў орнында еди.
30 Бирақ Даўыт Жаратқан Ийениң
периштесиниң қылышынан қорқ-
қанлықтан, Қудайдың еркин билиў
ушын ол жерге бара алмады.

**22** 1 Сонда Даўыт: «Қудай Ийе-
ниң Үйи де, Израил ушын
жандырылатуғын қурбанлық орын
да усы жерде болады», – деди.

### Қудайдың Үйин қурыў ушын таярлықлар

2 Даўыт Израилда жасайтуғын
келгиндилердиң ҳәммесин жыйнаў-
ды буйырды. Қудайдың Үйин қурыў
ушын, олардың арасынан тасларды
кесетуғын ҳәм жонатуғын адам-
ларды тайынлады. 3 Даўыт дәрўаза
есиклериниң шегелери ҳәм қазық
шегелер ушын көп муғдарда темир
таярлап қойды. Таярланған қола-
ның да көплиги соншелли, оның
салмағын анықлаў мүмкин емес еди.
4 Және де, ол сансыз кедр ағашын да
жыйнап қойды. Өйткени сидонлы-
лар менен тирлилер Даўытқа көп
муғдарда кедр ағашын әкелген еди.
5 Даўыт: «Улым Сулайман жас
ҳәм тәжирийбесиз. Ал Жаратқан
Ийеге арнап қурылатуғын Үй жү-
дә саўлатлы болып, даңқы барлық
халықларға жайылыўы керек. Сон-
лықтан оның қурылысы ушын та-
ярлық көрип қоя берейин», – деди.

---

[a] **21:25** *Алты жүз шекел* – бир шекел шама менен 11 гр.

Солай етип, Даўыт өлмесинен алдын Қудайдың Үйин қурыў ушын үлкен таярлықлар көрди.

[6] Даўыт улы Сулайманды қасына шақырып алды ҳәм оған Израилдың Қудайы Жаратқан Ийеге арнап Үй қурыўды тапсырып, [7] былай деди:

– Улым, мен Қудайым Жаратқан Ийеге арнап Үй қурыўды қәлеген едим. [8] Бирақ Жаратқан Ийе маған былай деди: «Сен үлкен саўашларда қатнасып, көп қан төктиң. Мениң алдымда жерге көп қан төккениң ушын, Мениң атыма арнап Үйди сен қурмайсаң. [9] Бирақ сеннен тынышлықты сүйетуғын бир ул туўылады. Мен оны дөгерегиндеги барлық душпанларынан қутқарып, рәҳәтке еристиремен. Оның аты Сулайман[a] болады. Оның дәўиринде Израилға тынышлық ҳәм аман-есенлик инам етемен. [10] Мениң атыма арнап Үйди ол қурады. Ол Маған ул болады, Мен де оған Әке боламан. Оның Израил үстинен қуратуғын патшалық тахтын мәңгиге беккемлеймен».

[11] Енди, улым, Жаратқан Ийе саған яр болсын! Өзи ўәде еткениндей, Қудайың Жаратқан Ийеге арнап Үй қурғаныңда, сени табысқа еристирсин. [12] Жаратқан Ийе сени Израилға ҳүкимдар етип қойғанда, Қудайың Жаратқан Ийениң Нызамына әмел қылыўың ушын, Ол саған ақыл-парасат берсин. [13] Жаратқан Ийениң Муўса арқалы Израилға берген қағыйда ҳәм нызамларын муқыятлы түрде орынлаўға тырыссаң, табысқаерисесең. Күшли ҳәм мәрт бол! Қорқпа, руўхың түспесин!

[14] Мен көп машақатлар менен Жаратқан Ийениң Үйи ушын жүз мың талант алтын, бир миллион талант гүмис, өлшеп болмас дәрежеде көп қола менен темир, және де, ағаш пенен тас та жыйнап, таярлап қойдым. Буларға сен де қосарсаң. [15] Сенде көп жумысшылар: тас кесиўшилер, тас қалаўшылар, ағаш усталары, ҳәр түрли өнерге ийе адамлар, [16] алтын, гүмис, қола ҳәм темирди ислете алатуғын сансыз өнерментлер бар. Енди иске кирис. Жаратқан Ийе саған яр болсын!

[17] Даўыт Израилдың барлық басшыларына улы Сулайманға жәрдем бериўди буйырып, [18] былай деди:

– Қудайыңыз Жаратқан Ийе сизлер менен бирге емес пе? Сизлерди ҳәр тәреплеме тынышлыққа бөлемеди ме? Ол усы жердиң турғынларын маған тәслим қылды. Сол себепли бул жер Жаратқан Ийеге ҳәм Оның халқына бағынышлы болды. [19] Енди жүрегиңизди ҳәм жаныңызды Қудайыңыз Жаратқан Ийени излеўге бағышлаңлар. Қудай Ийениң Мухаддес мәканын қурыўды басланлар. Кейин Жаратқан Ийениң Келисим сандығын ҳәм Қудайға бағышланған басқа мухаддес буйымларды Жаратқан Ийениң атына арнап қурылған Үйге апарып қойыңлар, – деди.

# 23

[1] Даўыт мазмунлы өмир сүрди ҳәм картайғанда, улы Сулайманды Израилға патша етип қойды.

---

[a] **22:9** *Сулайман* – еврей тилиндеги «тынышлық» сөзи менен байланыслы.

### Лебийлилердиң атқаратуғын хызметлери

2 Даўыт Израилдың барлық басшыларын, рууханийлерди ҳәм лебийлилерди бир жерге топлады. 3 Отыз ҳәм оннан жоқары жастағы лебийлилер санап шығылды. Олар барлығы болып отыз сегиз мың ер адам екен. 4 Даўыт былай деди: «Олардың жигирма төрт мыңы Жаратқан Ийениң Үйиндеги ислерди атқарыўға, алты мыңы жоқары лаўазымларға ҳәм қазылық исине, 5 төрт мыңы дәрўаза қараўыллығына, төрт мыңы өзи таярлап берген саз әсбапларын шертип, Жаратқан Ийеге алғыс-мақтаў айтыў хызметине қойылсын».

6 Даўыт лебийлилерди Лебийдиң уллары Гершон, Қоҳат ҳәм Мерарийдиң урпақлары бойынша үш топарға бөлди.

7 Гершонның уллары: Лаадан ҳәм Шимей.

8 Лааданның үш улы болып, туңғышы Ехиел, кейин Зетам ҳәм Иоел.

9 Шимейдиң Шеломит, Хазиел ҳәм Ҳаран деген үш улы бар еди. Олар Лаадан урыўының әўлад басшылары еди. 10 Шимейдиң басқа уллары: Яхат, Зиза, Еуш ҳәм Бериа. Бул төртеўи де Шимейдиң уллары еди. 11 Яхат туңғышы, Зиза екинши улы еди. Бирақ Еуш пенен Берианың уллары көп болмағанлықтан, екеўи бир тийре болып есапланды.

12 Қоҳаттың Амрам, Исҳар, Хеброн ҳәм Уззиел деген төрт улы болды.

13 Амрамның уллары Харон ҳәм Муўса еди.

Харон ең мухаддес затларды бағышлаў исине тайынланды. Сонлықтан Харон ҳәм оның уллары мәңгиге Жаратқан Ийениң алдында қурбанлықлар бериўи, Оған хызмет етиўи ҳәм мәңгиге Оның аты менен халықты жарылқаўы тийис болды. 14 Қудайдың адамы Муўсаның уллары да Лебий урыўына киргизилди.

15 Муўсаның уллары: Гершом ҳәм Элиезер.

16 Гершомның туңғыш улы Шебуел еди.

17 Элиезердиң туңғыш улы Рехабия еди. Элиезердиң басқа улы болмады. Ал Рехабияның уллары көп болды.

18 Исҳардың туңғыш улы Шеломит еди.

19 Хебронның уллары: туңғышы Ерия, екиншиси Амария, үшиншиси Яхазиел, төртиншиси Еқамам.

20 Уззиелдиң уллары: туңғышы Миха, екиншиси Ишшия.

21 Мерарийдиң уллары: Махлий ҳәм Муший.

Махлийдиң уллары: Элазар ҳәм Киш.

22 Элазар улсыз бул дүньядан көз жумды. Бирақ оның қызлары бар еди. Аталас ағайинлери болған Киштиң уллары оларға үйленди.

23 Мушийдиң Махлий, Эдер ҳәм Еремот деген үш улы болды.

24 Әўладлары бойынша Лебий урпағы усылар еди. Әўлад басшыларының ҳәр бири шежиреге атпа-ат киргизилди. Жигирма ҳәм оннан жоқары жастағы ҳәр бир лебийлиге Жаратқан Ийениң Үйинде хызмет етиўге болатуғын еди. 25 Өйткени Даўыт: «Израилдың Қудайы Жаратқан Ийе Өз халқын тынышлыққа еристирип, Өзи де

Ерусалимди мәңгиге мәкан етиў-
ди шешти. [26] Сонлықтан буннан
былай, лебийлилерге Жаратқан
Ийениң шатырын ҳәм сыйыныў
хызметинде қолланылатуғын зат-
ларды тасып жүриўдиң ҳәжети
жоқ», – деди. [27] Даўыттың ақыр-
ғы буйрығы бойынша жигирма
ҳәм оннан жоқары жастағы лебий-
лилер саналды.

[28] Лебийлилер Жаратқан Ийе-
ниң Үйиндеги хызметте Харон-
ның урпақларына жәрдем бериўге
миннетли еди. Буларға ҳәўли ҳәм
бөлмелерди гүзетиў, мухаддес зат-
ларды пәклеў рәсиминен өткериў
ҳәм Қудайдың Үйине тийисли бас-
қа да ўазыйпаларды орынлаў исле-
ри кирди. [29] Олар усынылатуғын
нанларға, ғәлле садақасы ушын
берилетуғын сапалы унға, пәтир
нанларға, пеште писирилген сада-
қаларға ҳәм зәйтүн майы араласты-
рылған садақаларға, садақалардың
көлем ҳәм өлшемине жуўапкер бол-
ды. [30] Лебийлилер ҳәр күни азанда
ҳәм кеште Жаратқан Ийени тәри-
йиплеў ҳәм алғыс-мақтаў айтыў
ушын таяр туратуғын еди. [31] Олар
Шаббат күнлери де, Жаңа ай бай-
рамларында да, белгиленген бай-
рам күнлеринде Жаратқан Ийеге
жандырылатуғын қурбанлық-
лар берилгенде де, солай иследи.
Жаратқан Ийениң алдында хызмет
етиўши лебийлилердиң саны бәр-
қулла алдын ала көрсетпеде бел-
гиленген санда болыўы керек еди.

[32] Солай етип, лебийлилерге
Ушырасыў Шатыры менен Му-
хаддес орынды қорғаў ҳәм өз
туўысқанлары болған Харон ур-
пақларына Жаратқан Ийениң
Үйиндеги хызметте жәрдем бериў
ўазыйпасы жүкленди.

### Руўханийлердиң ўазыйпасы

**24** [1] Харон урпақлары мына-
дай топарларға бөлинди.
Хароннның уллары: Надаб, Абиҳу,
Элазар ҳәм Итамар. [2] Бирақ На-
даб пенен Абиҳу әкесинен бурын,
ул көрмей өлип кеткенликтен, тек
Элазар менен Итамар руўханий
болды. [3] Даўыт Харон урпақларын
орынлайтуғын хызметлери бойын-
ша топарларға бөлди. Бул исте оған
Элазар урпағынан Садоқ ҳәм Ита-
мар урпағынан Ахимелех жәрдем
берди. [4] Элазар урпақлары арасын-
да әўлад басшылары Итамар урпақ-
ларына қарағанда көбирек болып
шықты. Сонлықтан Элазар урпақ-
лары он алты топарға, Итамар ур-
пақлары сегиз топарға бөлинди.
[5] Элазар урпақлары арасында да,
Итамар урпақлары арасында да
Мухаддес орынға ҳәм Қудайдың
алдындағы баслы хызметлерге жу-
ўапкер болған басшылар бар еди.
Сол себепли хызметлер ҳеш кимди
жақламастан, шек таслаў жолы ме-
нен бөлип берилди.

[6] Лебийли Нетанел улы хаткер
Шемая патшаның ҳәм халық бас-
шыларының, руўханий Садоқтың,
Абиятар улы Ахимелехтиң, руў-
ханийлердиң ҳәм лебийлилердиң
әўлад басшыларының көз алдында
шек таслаўдың жуўмағын жазып
барды. Шек бойынша, Элазар ур-
пақларынан бир шаңарақтан, Ита-
мар урпақларынан бир шаңарақтан
гезекпе-гезек алынды.

[7] Биринши шек Еҳоярибке, екин-
шиси Едаяға түсти. [8] Үшинши шек

Харимге, төртиншиси Сеоримге,
9 бесиншиси Малкияға, алтыншысы
Мияминге, 10 жетиншиси Ҳаққосқа,
сегизиншиси Абияға, 11 тоғызын-
шысы Ешуаға, онышысы Шека-
нияға, 12 он бириншиси Эляшибке,
он екиншиси Якимге, 13 он үшин-
шиси Хуппаға, он төртиншиси Еше-
бабқа, 14 он бесиншиси Билгаға, он
алтыншысы Иммерге, 15 он жетин-
шиси Хезирге, он сегизиншиси
Ҳапписсеске, 16 он тоғызыншы-
сы Петахияға, жигирмаланшысы
Ехезкелге, 17 жигирма бириншиси
Яхинге, жигирма екиншиси Гамулға,
18 жигирма үшиншиси Делаяға, жи-
гирма төртиншиси Маазияға түсти.
19 Израилдың Қудайы Жаратқан
Ийениң буйрығы бойынша, баба-
сы Харон оларға қағыйдалар бер-
ген еди. Жаратқан Ийениң Үйине
киргенде, олардың хызметиниң
белгиленген тәртиби соған тий-
карланған еди.

## Лебийлилердиң басқа урпақлары

20 Лебийлилердиң басқа урпақ-
лары мыналар:
Амрамның улларынан Шубаел,
Шубаелдиң улларынан Ехдея.
21 Рехабия улларынан туңғышы
Ишшия.
22 Исҳардың урпақларынан Ше-
ломот.
Шеломоттың улларынан Яхат.
23 Хебронның уллары: туңғышы
Ерия, екиншиси Амария, үшинши-
си Яхазиел, төртиншиси Еқамам.
24 Уззиелдиң улы: Миха.
Миханың улы: Шамир.
25 Миханың туўысқаны: Ишшия.
Ишшияның улы Зехария.
26 Мерарийдиң уллары: Махлий,
Муший ҳәм Язия.
27 Мерарийдиң урпақларынан
Язияның уллары: Шоҳам, Заккур
ҳәм Ибри.
28 Махлийден Элазар туўылды.
Элазардың улы болмады.
29 Киштиң урпағынан Ерахмеел.
30 Мушийдиң уллары: Махлий,
Эдер ҳәм Еримот.
Лебий урыўынан болған әўладлар
усылар еди. 31 Олар да туўысқан-
лары Харонның урпақлары сияқ-
лы, патша Даўыттың, Садоқтың,
Ахимелехтиң, руўханийлердиң ҳәм
лебийлилердиң әўлад басшылары-
ның көз алдында шек таслап, өз ўа-
зыйпаларын белгилеп алды. Шек
таслағанда, үлкен улдың шаңарағы
менен кишкене улдың шаңарағы-
ның ҳуқықы теңдей болды.

## Жыршылар

**25** 1 Даўыт пенен орда әскер-
басылары хызмет ушын
Асафтың, Ҳеманның ҳәм Едутун-
ның улларынан айырымларын ли-
ра ҳәм арфа шертиў ҳәм кимбалды
даңғырлатып, руўхтан илҳамла-
нып қосық айтыў ушын айырып
қойды. Бул хызмет ушын тайын-
ланғанлардың дизими мынаў:
2 Асафтың улларынан: Заккур,
Юсуп, Нетания ҳәм Асарела. Булар
Асафтың басшылығы астында бо-
лып, патшаның буйрығы бойынша,
руўхланып қосық айтатуғын еди.
3 Едутунның улларынан: Геда-
лия, Серий, Ийшаая, Шимей, Ха-
шабия ҳәм Маттития – жәми алты
адам. Олар лира намасы астында
Жаратқан Ийени тәрийиплейтуғын
ҳәм руўхланып, алғыс-мақтаўлар

менен қосық айтатуғын әкеси Еду-
тунның басшылығы астында еди.
4 Ҳеманның улларынан: Буккия,
Маттания, Уззиел, Шебуел, Ери-
мот, сондай-ақ Ханания, Хананий,
Элиата, Гиддалтий, Ромамтий-Эзер,
және де Иошбеқаша, Маллотий, Ҳо-
тир ҳәм Махазиот. 5 Булардың ҳәм-
меси патшаның ўәлийи Ҳеманның
уллары еди. Себеби Қудай Өзиниң
Ҳеманды абырайлы қыламан деген
ўәдеси бойынша, Ҳеманға он төрт
ул ҳәм үш қыз сыйлаған еди. 6 Олар-
дың барлығы өз әкесиниң басшы-
лығы астында Қудайдың Үйиндеги
хызмет ўақтында кимбалды даң-
ғырлатып, арфа ҳәм лира шертип,
Жаратқан Ийениң Үйинде сазенде-
лик қылатуғын еди. Асаф, Едутун
ҳәм Ҳеман патшаның басшылығы
астында болды. 7 Жаратқан Ийеге
алғыс-мақтаў айтыў ушын үйре-
тилген шебер сазенделер ағайин-
лери менен бирге еки жүз сексен
сегиз адам еди. 8 Олар үлкен-киши,
устаз-шәкирт деп айырып отырмас-
тан, ҳәр бири өз хызмет ўазыйпа-
сын билип алыў ушын шек таслады.
9 Биринши шек Асаф урыўынан
Юсупке, оның улларына ҳәм ағайин-
лерине түсти. Олар он еки адам еди.
Екинши шек Гедалияға, оның
өзине, улларына ҳәм ағайинлерине
түсти. Олар он еки адам еди.
10 Үшинши шек Заккурға, оның
улларына ҳәм ағайинлерине түс-
ти. Олар он еки адам еди.
11 Төртинши шек Исрийге, оның
улларына ҳәм ағайинлерине түсти.
Олар он еки адам еди.
12 Бесинши шек Нетанияға, оның
улларына ҳәм ағайинлерине түсти.
Олар он еки адам еди.
13 Алтыншы шек Буккияға, оның
улларына ҳәм ағайинлерине түсти.
Олар он еки адам еди.
14 Жетинши шек Есарелаға, оның
улларына ҳәм ағайинлерине түсти.
Олар он еки адам еди.
15 Сегизинши шек Ийшаяға, оның
улларына ҳәм ағайинлерине түсти.
Олар он еки адам еди.
16 Тоғызыншы шек Маттанияға,
оның улларына ҳәм ағайинлерине
түсти. Олар он еки адам еди.
17 Оныншы шек Шимейге, оның
улларына ҳәм ағайинлерине түсти.
Олар он еки адам еди.
18 Он биринши шек Азарелге,
оның улларына ҳәм ағайинлери-
не түсти. Олар он еки адам еди.
19 Он екинши шек Хашабияға,
оның улларына ҳәм ағайинлери-
не түсти. Олар он еки адам еди.
20 Он үшинши шек Шубаелге,
оның улларына ҳәм ағайинлери-
не түсти. Олар он еки адам еди.
21 Он төртинши шек Маттитияға,
оның улларына ҳәм ағайинлерине
түсти. Олар он еки адам еди.
22 Он бесинши шек Еремотқа,
оның улларына ҳәм ағайинлери-
не түсти. Олар он еки адам еди.
23 Он алтыншы шек Хананияға,
оның улларына ҳәм ағайинлерине
түсти. Олар он еки адам еди.
24 Он жетинши шек Иошбеқаша-
ға, оның улларына ҳәм ағайинле-
рине түсти. Олар он еки адам еди.
25 Он сегизинши шек Хананийге,
оның улларына ҳәм ағайинлерине
түсти. Олар он еки адам еди.
26 Он тоғызыншы шек Малло-
тийге, оның улларына ҳәм аға-
йинлерине түсти. Олар он еки
адам еди.

27 Жигирмаланшы шек Элиатаға,
оның улларына ҳәм ағайинлерине
түсти. Олар он еки адам еди.
28 Жигирма биринши шек Ҳотир-
ге, оның улларына ҳәм ағайинле-
рине түсти. Олар он еки адам еди.
29 Жигирма екинши шек Гиддал-
тийге, оның улларына ҳәм ағайин-
лерине түсти. Олар он еки адам еди.
30 Жигирма үшинши шек Махази-
отқа, оның улларына ҳәм ағайин-
лерине түсти. Олар он еки адам еди.
31 Жигирма төртинши шек Ро-
мамтий-Эзерге, оның улларына
ҳәм ағайинлерине түсти. Олар он
еки адам еди.

## Қудайдың Үйиниң дәрўаза қараўыллары

26 1 Дәрўаза қараўыллары
мына топарлардан ибарат
болды:
Қорах урпақларынан: Асаф әўла-
дынан Қоре улы Мешелемия.
2 Мешелемияның уллары: туң-
ғыш улы Зехария, екиншиси
Едиаел, үшиншиси Зебадия, төр-
тиншиси Ятниел, 3 бесиншиси Элам,
алтыншысы Еҳоханан, жетиншиси
Элиеҳоенай.
4 Обед-Эдомның уллары: туң-
ғыш улы Шемая, екиншиси Еҳоза-
бад, үшиншиси Иоах, төртиншиси
Сакар, бесиншиси Нетанел, 5 ал-
тыншысы Аммиел, жетиншиси
Иссахар, сегизиншиси Пеуллетай.
Қудай Обед-Эдомды усылай жа-
рылқаған еди.
6 Обед-Эдомның улы Шемаяның
уллары бар еди. Олар уллы қәбилет
ийелери болғанлықтан, өз әўладла-
рының басшылары болды. 7 Шемая-
ның уллары: Отний, Рефаел, Обид
ҳәм Элзабад. Шемаяның туўыс-
қанлары Элиҳу менен Семахия да
қәбилетли адамлар еди. 8 Олардың
барлығы Обед-Эдомның урпақлары
еди. Олардың өзлери де, уллары ме-
нен туўысқанлары да жумысқа ин-
талы, жүдә уқыплы адамлар болды.
Обед-Эдомға тийислилер барлығы
болып алпыс еки адам еди.
9 Мешелемияның уллары ҳәм аға-
йинлери он сегиз адамнан ибарат
болып, олар да қәбилетли адам-
лар еди.
10 Мерарий урпағынан Хосаның
уллары: басшысы Шимрий. Шим-
рий туңғыш ул болмаса да, әке-
си оны басшы етип тайынлады.
11 Екиншиси Хилкия, үшиншиси
Тебалия, төртиншиси Зехария. Хо-
саның уллары менен ағайинлери
он үш адам еди.
12 Дәрўаза қараўылларының то-
парлары өз басшылары бойынша
бөлинди. Олар да Жаратқан Ийе-
ниң Үйинде хызмет етип атырған
басқа лебийлилер сыяқлы өз ўа-
зыйпаларына ийе еди.
13 Ҳәр дәрўаза ушын, әўладлары
бойынша үлкен-кишиге теңдей шек
тасланды.
14 Шығыс тәрептеги дәрўаза тас-
ланған шек бойынша Шелемияға
түсти. Кейин оның улы Зехария
ушын шек тасланды ҳәм оған ар-
қа тәрептеги дәрўаза түсти. Зеха-
рия ақыллы, кеңесгөй адам еди.
15 Қубладағы дәрўаза шек бойын-
ша Обед-Эдомға, ал затлар сақла-
натуғын бөлмелер оның улларына
түсти. 16 Батыстағы дәрўаза менен
жоқарғы жолдағы Шаллехет дәр-
ўазасы шек бойынша Шуппим ме-
нен Хосаға түсти.

Қараўыллар үзликсиз избе-из-
ликте өз ўазыйпасын орынлайту-
ғын еди.
17 Хәр күни шығыстағы дәрўазада
алты лебийли, арқадағы дәрўазада
төрт лебийли, қубладағы дәрўазада
төрт лебийли, затлар сақланатуғын
бөлмелерде еки адамнан төрт ле-
бийли қараўыллықта турды. 18 Ба-
тыс тәрептеги хәўлиге баратуғын
жол бойында төрт қараўыл, хәў-
линиң ишинде еки қараўыл турды.
19 Қорах хәм Мерарий урпақлары-
нан болған дәрўаза қараўыллары
усылай орналастырылды.

### Қазна қараўыллары

20 Олардың ағайинлери болған
лебийлилерге Қудайдың Үйинде-
ги қазнаға хәм Қудайға арналған
саўғалар туратуғын қазнаға қараў
тапсырылды.
21 Гершонның әўладынан бол-
ған Лааданның урпағынан, Лаа-
дан тийресиниң тийре басшысы
Ехиелий.
22 Ехиелийдиң уллары Зетам хәм
оның туўысқаны Иоел Жаратқан
Ийениң Үйиниң қазнасын қара-
ўыллады.
23 Амрам, Исхар, Хеброн хәм Уз-
зиел урпақларынан мына адамлар-
ға хызмет берилди: 24 Муўсаның
улы Гершомның урпағынан Ше-
буел қазналар үстинен бас бақлаў-
шы болды.
25 Гершомның туўысқаны Элиезердиң нәсили мынадай еди:
Элиезерден Рехабия, Рехабиядан
Ийшая, Ийшаядан Иорам, Ио-
рамнан Зихрий, Зихрийден Ше-
ломит туўылған еди. 26 Шеломитке
хәм оның ағайинлерине Даўыт
патшаның, тийре басшыларының,
мыңбасылардың, жүзбасылардың
хәм әскербасылардың бағышлаған
саўғалары сақланатуғын қазнаға
қараў тапсырылды. 27 Олар саўаш-
та қолға түсирген олжалардан бир
бөлегин Жаратқан Ийениң Үйин
тәмийинлеў ушын бағышлайту-
ғын еди. 28 Көзи ашық Самуел, Киш
улы Шаул, Нер улы Абнер, Серуя
улы Иоаб бағышлаған саўғаларды
хәм Жаратқан Ийеге арналған бас-
қа саўғаларды да Шеломит пенен
оның ағайинлери қараўыллайту-
ғын болды.

### Лебийлилердиң басқа хызметлери

29 Исхар урпағынан Кенания
хәм оның уллары Қудайдың Үйи-
ниң сыртындағы ислерге жуўап-
кер болып, Израилдағы жоқары
лаўазымларға хәм қазылық исине
тайынланды.
30 Хеброн урпағынан Хашабия
хәм оның бир мың жети жүз қәби-
летли ағайини Израилда Иордан
дәрьясының батыс бөлегиндеги
Жаратқан Ийениң хәм патшаның
хызметине байланыслы ислерге
жуўапкер болды. 31 Хеброн урпа-
ғынан болған Ерия өз урпағының
шежиреси бойынша Хеброн урпақ-
ларының басшысы болды. Даўыт-
тың хүкимдарлығының қырқыншы
жылында Хеброн урпақларының
шежиреси изертленген еди. Сонда
Гиладтағы Язерде жасаған Хеброн
урпақлары арасынан жүдә қәби-
летли адамлар табылды. 32 Ерия-
ның ағайинлери арасында еки мың
жети жүзи жүдә қәбилетли әўлад
басшылары болды. Қудайдың хәм

патшаның ислерине қараўы ушын,
Даўыт патша оларды Рубен ҳәм
Гад урыўлары, және де, Менашше
урыўының ярымы үстинен басшы
етип тайынлады.

### Ордадағы әскерий бөлимлер

**27** 1 Төменде Израил халқы-
ның әўлад басшылары,
мыңбасылары, жүзбасылары ҳәм
патшалық ислерин алып бара-ту-
ғын олардың басқарыўшылары-
ның дизими берилген. Олар ҳәр
бири жигирма төрт мың адамнан
ибарат болған, гезек пенен жылы-
на бир ай хызмет ететуғын әскерий
топарларға жуўапкер болды.
2 Биринши ай ушын қойылған би-
ринши бөлимге Забдиел улы Яшо-
бам басшылық етти. Оған тийисли
бөлимде жигирма төрт мың адам
бар еди. 3 Яшобам Перестиң урпа-
ғынан болып, ол биринши айда
хызмет ететуғын барлық әскерба-
сыларға басшы болды.
4 Екинши ай ушын қойылған
екинши бөлимге ахохлы Додай бас-
шылық етти. Миклот оның сәркәр-
дасы болды. Оған тийисли бөлимде
жигирма төрт мың адам бар еди.
5 Үшинши ай ушын қойылған
үшинши бөлимге руўханий Еҳоя-
даның улы Беная басшылық етти.
Оған тийисли бөлимде жигирма
төрт мың адам бар еди. 6 Отыз ба-
тырдың бири ҳәм отыз батырдың
жетекшиси болған Беная усы еди.
Оның улы Аммизабад та оның бө-
лиминде оған жәрдемши еди.
7 Төртинши ай ушын қойылған
төртинши бөлимге Иоабтың ту-
ўысқаны Асаҳел басшылық етти.
Соңынан оның орнын улы Зебадия
ийеледи. Оған тийисли бөлимде
жигирма төрт мың адам бар еди.
8 Бесинши ай ушын қойылған
бесинши бөлимге израхлы Шам-
ҳут басшылық етти. Оған тийисли
бөлимде жигирма төрт мың адам
бар еди.
9 Алтыншы ай ушын қойылған
алтыншы бөлимге теқоалы Иккеш
улы Ира басшылық етти. Оған ти-
йисли бөлимде жигирма төрт мың
адам бар еди.
10 Жетинши ай ушын қойылған
жетинши бөлимге Эфрайым уры-
ўынан пелонлы Хелес басшылық
етти. Оған тийисли бөлимде жи-
гирма төрт мың адам бар еди.
11 Сегизинши ай ушын қойылған
сегизинши бөлимге Зерах урпағы-
нан хушалы Сиббехай басшылық
етти. Оған тийисли бөлимде жи-
гирма төрт мың адам бар еди.
12 Тоғызыншы ай ушын қойыл-
ған тоғызыншы бөлимге Бенямин
урыўынан анатотлы Абиезер бас-
шылық етти. Оған тийисли бөлим-
де жигирма төрт мың адам бар еди.
13 Оныншы ай ушын қойылған
оныншы бөлимге Зерах урпағынан
нетофалы Маҳарай басшылық ет-
ти. Оған тийисли бөлимде жигир-
ма төрт мың адам бар еди.
14 Он биринши ай ушын қойыл-
ған он биринши бөлимге Эфрайым
урыўынан пиратонлы Беная бас-
шылық етти. Оған тийисли бө-
лимде жигирма төрт мың адам
бар еди.
15 Он екинши ай ушын қойылған
он екинши бөлимге Отниелдиң ур-
пағынан нетофалы Хелдай басшы-
лық етти. Оған тийисли бөлимде
жигирма төрт мың адам бар еди.

## Израил урыўларының көсемлери

16 Израил урыўларын басқарату-
ғын көсемлер мыналар болды: Ру-
бен урыўын Зихрий улы Элиезер,
Шимон урыўын Мааха улы Шефа-
тия, 17 Лебий урыўын Кемуел улы
Хашабия, Харонның урпақларын
Садоқ, 18 Яҳуда урыўын Даўыт-
тың әжағасы Элиҳу, Иссахар уры-
ўын Михаил улы Омрий, 19 Зебулон
урыўын Обадия улы Ишмая, Наф-
талий урыўын Азриел улы Еримот,
20 Эфрайым урыўын Азазия улы
Ҳошеа, Менашше урыўының яры-
мын Педая улы Иоел, 21 Гиладтағы
Менашше урыўының басқа яры-
мын Зехария улы Иддо, Бенямин
урыўын Абнер улы Ясиел, 22 Дан
урыўын Ерохам улы Азарел бас-
қаратуғын болды.

Израил урыўларының көсемле-
ри усылар еди.

23 Даўыт жигирма ҳәм оннан тө-
мен жастағыларды санамады. Се-
беби Жаратқан Ийе Израилды
аспандағы жулдызлар киби көп
қылыўға ўәде берген еди. 24 Се-
руя улы Иоаб та халықты санақтан
өткериўди баслағаны менен, оны
ақырына жеткермеген еди. Сол са-
нақтың кесиринен Жаратқан Ийе
Израилға ғәзебин шашқан еди.
Сонлықтан санақтың нәтийжеси
Даўыт патшаның жылнама кита-
бына киргизилмеди.

## Патшаның хызметкерлери

25 Патшаға тийисли қазналар-
ға қараў Адиел улы Азмаўетке, ал
қала әтирапындағы, қалалардағы,
аўыллардағы ҳәм минаралардағы
қазналарға қараў Уззия улы Ио-
натанға тапсырылды. 26 Егислик
жерлерди тәрбиялайтуғын дийхан-
ларға Келуб улы Эзрий, 27 жүзим
бағларына рамалы Шимей, жүзим
бағларындағы шарап сақланатуғын
орынларға шифамлы Забдий, 28 ба-
тыстағы таў етеклериндеги зәйтүн
ҳәм жабайы әнжир ағашларына
гедерли Баал-Ханан, зәйтүн ма-
йы сақланатуғын орынларға Иоаш,
29 Шаронда отлайтуғын малларға
шаронлы Шитрай, ойпатлықларда
бағылатуғын малларға Адлай улы
Шафат, 30 түйелерге Исмайыл урпа-
ғынан Обил, ешеклерге меронотлы
Ехдея, 31 майда малларға Ажар ур-
пағынан Язиз жуўапкер еди.

Булардың ҳәммеси Даўыт патша-
ның мал-мүлки үстинен қарайту-
ғын хызметкерлер еди.

32 Даўыттың әкесиниң туўысқа-
ны Ионатан мәсләҳәтши болды. Ол
дана мәсләҳәтши ҳәм хаткер еди.

Хахмон улы Ехиел патшаның ул-
ларының тәрбияшысы болды.

33 Ахитофел патшаның мәсләҳәт-
шиси, ал Арк тийресинен болған
Хушай патшаның досты еди.

34 Ахитофелден кейин, оның ор-
нын Беная улы Еҳояда менен Абия-
тар ийеледи.

Иоаб патша ордасының сәркәр-
дасы еди.

## Даўыттың Қудайдың Үйи ушын жобасы

28 1 Даўыт Израилдағы бар-
лық ҳәмелдарларды – урыў
басшыларын, патшаның хызме-
тиндеги әскерий бөлимлердиң
басшыларын, мыңбасыларды,
жүзбасыларды, патшаға ҳәм оның

улларына тийисли мүликлерди ҳәм
сүриўлерди қадағалаўшыларды, са-
рай хызметкерлерин, әҳмийетли
адамларды ҳәм барлық мәрт жа-
ўынгерлерди Ерусалимге жыйнады.
2 Даўыт патша орнынан турып,
оларға былай деди:
– Туўысқанларым ҳәм халқым,
мени тыңлаңлар! Қудайдың аяқ
қойғышы болған Жаратқан Ийе-
ниң Келисим сандығы ушын ту-
рақлы орын болатуғын бир Үй
қурмақшы едим. Қурылыс ушын
таярлық та көрдим. 3 Бирақ Қудай
маған: «Мениң атыма арнап Үй қур-
майсаң. Себеби сен көп урысып,
қан төккен адамсаң», – деди.
4 Деген менен, Израилдың
Қудайы Жаратқан Ийе мениң ур-
пақларымның мәңгиге Израил-
да патша болыўы ушын, әкемниң
пүткил нәсили арасынан мени таң-
лады. Ол Яҳуданы басшы етип таң-
лады ҳәм Яҳуда урыўынан әкемниң
шаңарағын, ал әкемниң уллары
арасынан мени таңлап, пүткил Из-
раилдың патшасы қылыўды мақул
тапты. 5 Жаратқан Ийе маған көп
уллар берип, олардың арасынан
Израил үстинен Жаратқан Ийе-
ниң патшалық тахтында отырыўы
ушын улым Сулайманды таңлады.
6 Жаратқан Ийе маған былай деди:
«Мениң Үйимди ҳәм ҳәўлилеримди
улың Сулайман қурады. Өйткени
Мен оны Өзиме ул етип таңладым.
Мен де оған Әке боламан. 7 Егер ол
Мениң буйрық ҳәм нызамларымды
ҳәзиргидей булжытпай орынлай-
туғын болса, оның патшалығын
мәңгиге беккемлеймен».
8 Енди Қудайымыздың алдында
ҳәм Жаратқан Ийениң жәмийети
болған Израил халқының көзи
алдында сизлерге тапсыраман:
Қудайыңыз Жаратқан Ийениң бар-
лық буйрықларын мұқыятлы түр-
де орынлаңлар. Сонда сизлер усы
берекетли жерди мәңгиге ийелеп,
әўладларыңызға мәңгиге мийрас
етип бересизлер.
9 Ал сен, улым Сулайман, әкең-
ниң Қудайын танып бил ҳәм шын
жүректен, жан-тәниң менен Оған
хызмет ет. Себеби Жаратқан Ийе
ҳәр бир жүректи сынайды ҳәм бар-
лық ой-қыялларды түсинеди. Егер
Оны излесең, сен Оны табасаң. Би-
рақ сен Оны тәрк етсең, Ол сеннен
мәңгиге жүз бурады. 10 Қулақ сал!
Мухаддес мәкан болған Үйди қурыў
ушын Жаратқан Ийе сени таңлаған
екен, сен де мәрт болып иске кирис!
11 Кейин Даўыт Үйдиң айўаны-
ның, оның иморатларының, зат-
лар сақланатуғын бөлмелериниң,
жоқарғы қабатының, ишки бөл-
мелериниң ҳәм гүнадан пәкле-
нетуғын орынның сызылмасын
улы Сулайманға берди. 12 Даўыт
Мухаддес Руўх арқалы өзине аян
болған барлық сызылмаларды:
Жаратқан Ийениң Үйиниң ҳәўлиси
менен дөгерегиндеги барлық бөл-
мелердиң, Қудайдың Үйиниң ғә-
зийнеханаларының, бағышланған
саўғалар қойылатуғын бөлмелер-
диң сызылмаларының барлығын
Сулайманға тапсырды. 13 Даўыт
Сулайманға руўханийлер менен ле-
бийлилердиң топарларына, олар-
дың Жаратқан Ийениң Үйиндеги
барлық хызметлерине ҳәм хыз-
метте қолланылатуғын барлық бу-
йымларға байланыслы көрсетпелер
берди. 14 Ол ҳәр түрли хызметлерде

қолланылатуғын алтын ҳәм гүмис
буйымларды ислетиўге керек бол-
ған алтын ҳәм гүмистиң муғда-
рын да белгилеп қойды: 15 ҳәр бир
шыра ҳәм шыра қойғыштың пай-
даланылатуғын хызметине қарай,
ҳәр бир алтын шыра қойғыш пе-
нен оның шыралары ушын қанша
алтын, ҳәр бир гүмис шыра қой-
ғыш пенен оның шыралары ушын
қанша гүмис кететуғынын айтты.
16 Сондай-ақ, усынылған нанлар
қойылатуғын столлар ушын ке-
тетуғын алтынның, гүмис столлар
ушын кететуғын гүмистиң, 17 ша-
нышқы, қан себетуғын табақлар,
гүзе ушын кететуғын сап алтын-
ның, ҳәр бир алтын тостаған ушын
жумсалатуғын алтынның, ҳәр бир
гүмис тостаған ушын ислетиле-
туғын гүмистиң, 18 түтетки түте-
тилетуғын орын ушын кететуғын
сап алтынның мөлшерин билдир-
ди. Буннан тысқары, Даўыт оған
арбаның, яғный қанатларын жа-
йып, Жаратқан Ийениң Келисим
сандығын жаўып туратуғын ал-
тын керублардың сызылмасын да
берди. 19 Даўыт: «Булардың ҳәмме-
си Жаратқан Ийениң көрсетпеси
бойынша жазылып, жобаласты-
рылды. Ол маған жобаны толық
түсиниўге қәбилет берди», – деди.
20 Кейин Даўыт улы Сулайманға
былай деди:
– Мәрт ҳәм батыр болып, иске
кирис! Қорқпа, руўхың түспесин.
Себеби Қудай Ийе, яғный ме-
ниң Қудайым сениң менен бирге.
Жаратқан Ийениң Үйиниң барлық
ислери тамам болмағанша, Ол се-
ни таслап та қоймайды, тәрк те ет-
пейди. 21 Мине, руўханийлер менен
лебийлилердиң топарлары Қудай-
дың Үйиндеги ҳәр қандай жумыс
ушын таяр тур. Ҳәр түрли тараў-
дың шебер өнерментлери болған
қәлеўшилер саған жәрдем береди.
Ал басшылар менен пүткил халық
сениң буйрықларыңа бойсынады.

### Қудайдың Үйиниң қурылысы ушын берилген саўғалар

29 1 Даўыт патша пүткил жә-
мийетке былай деди:
– Қудай таңлап алған улым Су-
лайман жас ҳәм тәжирийбесиз.
Ал қылынатуғын ис жүдә үлкен.
Себеби бул имарат адам ушын
емес, ал Қудай Ийе ушын салы-
нады. 2 Қудайымның Үйи ушын
қолымнан келгенинше алтын
буйымлар ушын алтын, гүмис
буйымлар ушын гүмис, қола бу-
йымлар ушын қола, темир буйым-
лар ушын темир, ағаш буйымлар
ушын ағаш, және де, оникс, қас-
наққа қойылатуғын таслар, пе-
риўза, ҳәр түрдеги реңли таслар,
сондай-ақ, қымбатбаҳа таслардың
ҳәмме түрлерин ҳәм көп муғдар-
да мрамор жыйнадым. 3 Булар-
дан тысқары, Қудайымның Үйине
болған ықласым себепли, өзим-
ниң жеке қазнамдағы алтын менен
гүмисти де Қудайымның Үйине
беремен. Оларды бул мухаддес
Үй ушын өзим таярладым. 4 Мен
берип атырған үш мың талант
Офир алтыны менен жети мың
талант сап гүмис Үйдиң дийўал-
ларын қаплаў, 5 барлық алтын ҳәм
гүмис буйымларды ислеў ушын
ҳәм өнерментлердиң барлық ис-
леринде қолланылсын. Және де,
ким бүгин өзин Жаратқан Ийеге

бағышлап, Оған өз ықтыяры ме-
нен садақа бериўди қәлейди?
6 Сонда әўлад басшылары, Изра-
илдың урыў басшылары, мыңба-
сылар, жүзбасылар ҳәм патшаның
ислерин басқаратуғын хызметкер-
лер ықтыярлы садақалар берди.
7 Олар Қудайдың Үйиниң қурылы-
сы ушын бес мың талант алтын ме-
нен он мың дарик[a] алтын, он мың
талант гүмис, он сегиз мың талант
қола ҳәм жүз мың талант темир
саўға қылды. 8 Баҳалы таслары бар
адамлар оларды Жаратқан Ийениң
Үйиниң қазнасына, Гершонның ур-
пағынан болған Ехиелдиң қолына
тапсырды. 9 Халық өз басшылары-
ның ықтыярлы түрде берген сый-
лары ушын қуўанды. Өйткени олар
Жаратқан Ийеге шын жүректен
ықтыярлы түрде садақалар берип
атырған еди. Даўыт патша да қат-
ты қуўанды.

### Даўыттың дуўасы

10 Даўыт пүткил жәмийеттиң көз
алдында Жаратқан Ийени алғыс-
лап, былай деди:

«Бабамыз Израилдың Қудайы
Жаратқан Ийе,
Мәңгиге Саған алғыслар болсын!
11 Жаратқан Ийе, уллылық,
қүдирет, даңқ,
Жеңис ҳәм салтанат Сеники.
Аспанда ҳәм жерде болған ҳәр
бир нәрсе Сеники.
Патшалық та Сеники,
Жаратқан Ийе!
Сен ҳәр бир нәрседен
жоқарысаң.
12 Байлық ҳәм ҳүрмет Сеннен
келер.
Ҳәмме нәрсеге ҳүкимдарсаң.
Күш ҳәм қүдирет Сениң
қолыңда.
Биреўди жоқарылатыў ҳәм
күшли қылыў,
Сениң қолыңда.
13 Енди, Қудайымыз, Сени
тәрийиплеп,
Әжайып атыңа алғыс-
мақтаўлар айтамыз.

14 Бирақ Саған ықтыярлы са-
дақалар бере алатуғындай, мен
киммен, халқым ким болыпты?
Ҳәр бир нәрсе Сеннен шығады,
бизлер тек Сениң қолыңнан ал-
ғанларымызды ғана Саған берип
атырмыз. 15 Сениң алдыңда биз-
лер ата-бабаларымыз сыяқлы, жат
жерли келгиндимиз. Жер жүзин-
деги өмиримиз көлеңке сыяқлы
өткинши ҳәм үмитсиз. 16 Қудайы-
мыз Жаратқан Ийе, мухаддес аты-
ңа арнап Үй қурыў ушын бизлер
таярлаған мына ағыл-тегил бай-
лықты Сениң қолыңнан алғанбыз,
ҳәммеси Сеники. 17 Қудайым, мен
Сениң жүректи сынайтуғыныңды
ҳәм ҳадаллықты унататуғыныңды
билемен. Мына нәрселердиң ҳәм-
месин мен шын жүректен ықтыяр-
лы түрде бердим. Ҳәзир усы жерде
турған халқыңның да Саған ық-
тыярлы садақалар берип атырға-
нын қуўаныш пенен көрип турман.
18 Жаратқан Ийе, бабаларымыз
Ибрайымның, Ысақтың ҳәм Изра-
илдың Қудайы! Халқыңның бул қә-
леўин мәңгиге олардың жүрегинде

---

[a] **29:7** *Он мың дарик* – бир дарик шама менен 8.4 гр.

сақлап, жүреклерин Өзиңе садық
қәлпинде сақлап қала гөр! 19 Улым
Сулайманға да Сениң буйрықла-
рыңа, қарарларыңа ҳәм қағыйда-
ларыңа бойсыныўы ушын, және
де мен керекли затларды таярлап
қойған Үйди қурыўы ушын садық
жүрек бере гөр!»
20 Соңынан Даўыт пүткил жә-
мийетке:
– Қудайыңыз Жаратқан Ийе-
ни алғысласаңлар! – деди. Солай
етип, ҳәммеси ата-бабаларының
Қудайы Жаратқан Ийени алғыс-
лады, Қудайдың ҳәм патшаның ал-
дында басларын ийип, тәжим етти.

## Сулайманның майланып, патша болыўы

21 Келеси күни халық Жаратқан
Ийеге арнап, мың бас буға, мың
бас қошқар, мың тоқлы шалып,
жандырылатуғын қурбанлықлар
берди. Буларға қоса, ишимлик
садақаларын да усынды. Пүткил
израиллылар ушын басқа да көп
қурбанлықлар берилди. 22 Сол кү-
ни израиллылар үлкен қуўаныш
пенен Жаратқан Ийениң алдын-
да ишип-жеди.
Кейин, Даўыттың улы Сулайман-
ды екинши мәрте патша деп тасты-
йықлады. Сулайманды Жаратқан
Ийениң алдында майлап, ҳүким-
дар, ал Садоқты майлап, руўханий
етип қойды. 23 Солай етип, Сулай-
ман әкеси Даўыттың орнына патша
болып, Жаратқан Ийениң берген
тахтына отырды. Ол табыслы бо-
лып, пүткил Израил оған бойсын-
ды. 24 Барлық басшылар, батырлар
ҳәм Даўыттың уллары патша Су-
лайманға бағынды. 25 Жаратқан
Ийе пүткил Израилдың көз алдын-
да Сулайманды уллы мәртебели
қылды ҳәм оны бурынғы Израил-
дағы патшалардың ҳеш бири ерисе
алмаған салтанатқа бөледи.

## Даўыттың өлими

26 Ишай улы Даўыт пүткил Из-
раил үстинен патшалық етти.
27 Даўыт Израилда қырық жыл
патшалық етип, оның жети жы-
лын Хебронда, отыз үш жылын
Ерусалимде өткизди. 28 Даўыт ғар-
рылық дәўранын сүрип, байлыққа
ҳәм иззет-ҳүрметке толы күнлер-
ди бастан кеширди ҳәм мазмунлы
узақ өмир сүрип, бул дүньядан көз
жумды. Оның орнына улы Сулай-
ман патша болды.
29 Даўыт патшаның патшалық
қурған дәўириндеги ислеген ис-
лери басынан аяғына шекем көзи
ашық Самуелдиң, пайғамбар На-
танның, ўәлий Гадтың қолжазба-
ларында жазылған. 30 Бул жазбалар
Даўыттың патшалығы дәўиринде-
ги ислер, оның қаҳарманлықлары,
оның басынан кеширген ўақыя-
лары, Израилда ҳәм дөгеректеги
барлық еллерде болған ўақыялар
туўралы баян етеди.

# Екинши жылнама китабы

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Бул китапта Израил халқының тарийхының даўамы баян етиледи. Екинши жылнама китабы патша Сулайманның ҳүкимдарлығының тарийхы менен басланып, б. э. ш. 586-жылы Ерусалим қаласының қулаўына дейинги Яҳуда ҳәм Израил патшалықларында жүз берген ўақыяларды өз ишине алады.

Патша Сулайман Израилдың дана патшасы сыпатында даңқ таратады. Екинши жылнама китабының дәслепки бөлиминде (1–9 баплар) Сулайманның ҳүкимдарлығы дәўириндеги ўақыялар, Ерусалимдеги Ибадатхананың қурылысы, Қудайға бағышланыўы ҳәм биринши сыйыныў мәресимлери ҳаққында баян етиледи.

Китаптың екинши бөлими (10–36 баплар) Израилдың арқадағы урыўларының көтерилиси менен басланады. Бул урыўлар өзлери бийғәрез мәмлекет дүзип, Қудайға сыйыныў ушын Ерусалимдеги Ибадатханаға бармай қояды. Нәтийжеде, мәмлекет өз алдына еки патшалыққа – қублада Яҳуда патшалығына ҳәм арқада Израил патшалығына бөлинип кетеди. Китаптың бул бөлиминде Ерусалимниң қулаўы ҳәм ўайран болыўына дейин жүз берген ўақыялар сөз етиледи. Бул китаптың Патшалар туўралы үшинши ҳәм төртинши китаплардан өзгешелиги, Израил, яғный арқа патшалық ҳаққында кем мағлыўмат береди. Екинши жылнама китабында жазылғаны бойынша, Израил халқы Қудайдан жүз бурып, көп гүна қылған. Соның ушын, олардың тарийхы баян етилиўге арзымайтуғын еди. Барлық итибар Ибадатханадағы сыйыныў мәресимлерди тиклеген патшаларға қаратылады.

Китапта Ерусалимниң ўайран болыўы ҳәм Яҳуда халқының тутқын етип Бабилонияға алып кетилиўи туўрысында да айтылып, Яҳуда халқына берилген үмит ўәдеси менен тамамланады. Персия патшасы Кир сүргинде болған яҳудийлерге Яҳудаға қайтыўы ушын рухсат берип, оларға Ибадатхананы қайта қурыўды буйырады. Бул Ибадатхана Яҳуда халқы арасындағы Қудайдың дәргайын билдирип, өтмиш ҳәм келешекти байланыстырып туратуғын белги болып хызмет етеди.

## Сулайманның даналық сораўы

1 1 Даўыт улы Сулайман өз патша-
лығын беккемлеп алды. Қудайы
Жаратқан Ийе оның менен бирге
болып, мәртебесин жүдә жоқары-
латты. 2 Бир күни Сулайман пүткил
Израил халқын – мыңбасыларды,
жүзбасыларды, бийлерди, Израил-
дың барлық көсемлерин ҳәм әўлад
басшыларын шақыртты. 3 Сулайман
жыйналғанларды ертип, Гибон қа-
ласындағы сыйыныў орнына жол
алды. Жаратқан Ийениң қулы Муўса
шөлде қурдырған Қудайдың Ушыра-
сыў шатыры сол жерде еди. 4 Даўыт
Қудайдың Келисим сандығын қойыў
ушын Ерусалимде бир шатыр тигип,
сандықты Кирят-Яримнен сол ша-
тырға алып барған еди. 5 Бирақ Хур-
дың ақлығы Урийдиң улы Бесалел
қурған қоладан исленген қурбан-
лық орын еле Гибондағы Жаратқан
Ийениң Мухаддес шатырының ал-
дында турған еди. Сулайман ҳәм
жыйналған халық Қудайдың еркин
билиў ушын сол жерге барды. 6 Су-
лайман Жаратқан Ийениң алдында
Ушырасыў шатырының алдындағы
қоладан исленген қурбанлық орын-
ға көтерилип, онда мың бас малды
жандырып қурбанлыққа берди.
7 Сол түни Қудай Сулайманға кө-
ринип, оған:
– Тиле тилегинди, сорағанынды
беремен, – деди. 8 Сулайман Қудай-
ға былай деди:
– Әкем Даўытқа үлкен жақсылық
иследиң ҳәм мени оның орнына
патша етип қойдың. 9 Енди Қудай,
Жаратқан Ийе, әкем Даўытқа бер-
ген ўәдеңди орынла! Ақыры, Сен
мени жердиң шаңындай көп болған
халық үстинен патша етип қойдың.
10 Бул халықты басқара алыўым
ушын, маған даналық ҳәм билим
бер. Болмаса, бул уллы халқыңа
ким ҳүкимдарлық қыла алады?
11 Қудай Сулайманға былай деди:
– Демек жүрегиңниң қәлеўи усы.
Сен байлық, мал-мүлик, даңқ-атақ
яки душпанларыңа өлим тилеме-
диң, ҳәтте, өзиң ушын узақ өмир де
сорамадың. Қайтама, сени патша
етип қойған халқымды басқарыў
ушын даналық ҳәм билим сорадың.
12 Сонлықтан саған даналық ҳәм
билим бериледи. Буған қоса, саған
дейинги ҳеш бир патша көрмеген
ҳәм сеннен кейин де ҳеш бир патша
көрмейтуғын байлық, мал-мүлик
ҳәм даңқ-атақ беремен.
13 Сулайман Гибондағы Ушыра-
сыў шатыры орналасқан сыйыныў
орнынан Ерусалимге келди ҳәм Из-
раил үстинен ҳүкимдарлық қыла
баслады.

## Патша Сулайманның күши ҳәм байлығы

14 Сулайман саўаш арбалары ме-
нен атларды жыйнады. Оның бир
мың төрт жүз саўаш арбасы ҳәм
он еки мың аты бар еди. Олардың
бир бөлегин саўаш арбалары ушын
ажыратылған қалаларға, бир бөле-
гин өзиниң жанына, Ерусалимге
жайластырды. 15 Патша Ерусалим-
де гүмис пенен алтынды әпиўайы
тасларға тең қылып қойды. Ал кедр
ағашы жүдә көп болғанлықтан, ба-
тыстағы таў етеклеринде өсету-
ғын жабайы әнжир ағашына тең
болып қалды. 16 Сулайманның ат-
лары Мысыр менен Қуўеден алып

келинди. Патшаның саўдагерлери
атларды Қуўеден сатып алатуғын
еди. 17 Мысырдан ҳәр бир саўаш
арбасы алты жүз шекел гүмиске,
ҳәр бир ат бир жүз елиў шекел[a] гү-
миске сатып әкелинип, олар патша
саўдагерлери арқалы пүткил Хет
ҳәм Арам патшаларына сатыла-
туғын еди.

### Қудайдың Үйиниң қурылысына таярлық

2 1 Сулайман Жаратқан Ийеге ар-
нап Үй ҳәм өзи ушын бир сарай
қурыўды буйырды. 2 Ол жүк тасыў
ушын жетпис мың, таўларда тас кесиў
ушын сексен мың ҳәм оларды қада-
ғалаў ушын үш мың алты жүз адам
белгиледи. 3 Сулайман Тир патша-
сы Хирамға былай деп айтыў ушын
адамларын жиберди: «Әкем Даўыт
өзи жасаў ушын сарай салдырған-
да жиберген кедр бөренелеринен
маған да жиберсеңиз. 4 Ҳәзир мен
Қудайым Жаратқан Ийеге арнап
Үй қурып, Үйди Оған бағышламақ-
шыман. Сол жерде Онbacked алдында
хош ийисли түтеткилер түтетилип,
ҳәрдайым усынылған нанлар туры-
ўы керек. Және де, ҳәр күни азанда
ҳәм кеште, Шаббат күнлери, Жаңа
ай байрамларында ҳәм Қудайымыз
Жаратқан Ийе белгилеген байрам-
ларда жандырылатуғын қурбанлық-
лар усынылыўы тийис. Бул рәсимлер
Израил ушын мәңги қағыйда болады.
5 Қудайымыз басқа барлық қудайлар-
дан уллы болғанлығы себепли, Мен
қуратуғын Үй де аса уллы болады.
6 Бирақ көклер, ҳәтте, көклердиң
көклери Оны сыйғыза алмағанда,
Оған арнап Үй қурыўға кимниң ша-
масы жетеди? Оған арнап Үй қура-
туғындай, мен ким болыппан? Тек
Оның алдында қурбанлықларды өр-
теп усыныў ушын бир орын қурмақ-
шыман. 7 Сол себепли маған алтын,
гүмис, қола ҳәм темирден зат ислеўде,
шым қызыл, қырмызы ҳәм қызғыш
көк реңли жиплерден зат тоқыўда
ҳәм оймашылықта шебер уста бол-
ған бир адам жиберсеңиз. Ол әкем
Даўыт жетистирген шебер усталар
менен бирге Яҳудада ҳәм Ерусалим-
де жумыс ислесин. 8 Маған Лебанон
таўларынан кедр, сәрўи ҳәм сапалы
арша ағашларын да жиберсеңиз. Се-
беби адамларыңыздың Лебанондағы
ағашларды кесиўге уқыплы екенин
билемен. Мениң адамларым сизиң
адамларыңыз бенен бирге ислей-
ди. 9 Олар маған жүдә көп муғдарда
ағаш кесип берсин. Өйткени мен қу-
ратуғын Үй зәўлим ҳәм салтанатлы
болыўы керек. 10 Мен ағашларды
кесетуғын адамларыңызға жигирма
мың кор[b] женшилген бийдай, жигир-
ма мың кор арпа, жигирма мың бат[c]
шарап ҳәм жигирма мың бат зәйтүн
майын жиберемен».
11 Тир патшасы Хирам Сулай-
манға хат арқалы былай деп жуўап
берди: «Жаратқан Ийе Өз халқын
сүйгенликтен, сизди патша етип
қойды».
12 Хирам хатын былай даўам ет-
ти: «Аспан ҳәм жерди жаратқан Из-
раилдың Қудайы Жаратқан Ийеге

---

a **1:17** *Бир жүз елиў шекел* – бир шекел шама менен 11 гр.
b **2:10** *Жигирма мың кор* – бир кор шама менен 220 л.
c **2:10** *Жигирма мың бат* – бир бат шама менен 22 л.

алғыслар болсын! Ол патша Да-
ўытқа Жаратқан Ийе ушын Үй, өзи
ушын сарай салатуғын дана, ақыл-
лы ҳәм парасатлы ул инам етипти.
13 Сизге Хурам-Абий деген ақыллы
ҳәм шебер бир адамды жиберемен.
14 Оның анасы Дан урыўынан, ал
әкеси тирли. Хурам-Абий алтын,
гүмис, қола, темир, тас ҳәм ағаш
пенен, шым қызыл, қызғыш көк
ҳәм қырмызы реңли жиплер, және
ҳасыл зығыр менен жумыс ислей
алады. Ол оймашылықтың ҳәмме
түрлерине уста болып, қәлеген бу-
йыртпаңызды орынлай алады. Ол
сизиң шеберлериңиз ҳәм әкеңиз
мырзам Даўыттың шеберлери ме-
нен ислейди. 15 Енди мырзам, өзи-
ңиз айтқан бийдай, арпа, зәйтүн
майы ҳәм шарапты қулларыңызға
жиберсеңиз. 16 Бизлер де Лебанон
тоғайларынан сизге керекли ағаш-
ларды кесип, бир-бирине байлап
сал соғып, теңиз арқалы Яфоға жет-
керип беремиз. Сиз ағашларды сол
жерден Ерусалимге алып кетерсиз».
17 Әкеси Даўыт жүргизген сол
санақтан кейин, Сулайман да Из-
раилда жасайтуғын барлық шет
еллилердиң есабын алды. Олардың
саны бир жүз елиў үш мың алты
жүз болды. 18 Олардың жетпис мы-
ңын жүк тасыўшы, сексен мыңын
таўларда тас кесиўши, ал үш мың
алты жүзин жумысшылар үсти-
нен қадағалаўшы етип белгиледи.

### Қудайдың Үйиниң қурылыўы

**3** 1 Сулайман Ерусалимдеги Мо-
рия таўында, ебуслы Орнанның
қырман жеринде Жаратқан Ийе-
ниң Үйиниң қурылысын баслады.
Бул жерди әкеси Даўыт алдын ала
таярлап қойған болып, ол жерде
Жаратқан Ийе Даўытқа көринген
еди. 2 Сулайман қурылысты өз пат-
шалығының төртинши жылының
екинши айының екинши күни бас-
лады. 3 Қудайдың Үйиниң иргетасы-
ның өлшеми ески өлшем бирлиги
бойынша мынадай болды: узын-
лығы алпыс шығанақ, ени жигирма
шығанақ еди. 4 Қудайдың Үйиниң
имаратының алдынғы жағындағы
айўанның узынлығы Үй имараты-
ның ениндей, яғный жигирма шы-
ғанақ, бийиклиги бир жүз жигирма
шығанақ еди. Сулайман Үйдиң ишин
сап алтын менен қаплатты. 5 Оның
үлкен бөлмесиниң дийўалларын
сәрўи тахташалар менен, олардың
үстин сап алтын менен қаплатты.
Алтынның бетине пальма ағашлары
менен шынжыр нағысларын ойды-
рып салдырды. 6 Ол Үйди қымбат-
баҳа таслар менен әшекейлетти. Ол
қолланған алтын Парўайым жери-
нен алып келинген еди. 7 Сулайман
Үйдиң төбесиндеги өрелерди, қапы-
ның дөгерек ағашын, дийўалларын
ҳәм қапыларын алтын менен қап-
латып, дийўалларға керублардың[a]
сүўретлерин ойып салдырды. 8 Ол
Ең мухаддес бөлмени де қурдырды.
Оның узынлығы да жигирма шыға-
нақ, ени де жигирма шығанақ болып,
Үйдиң ени менен бирдей өлшемде
еди. Сулайман бул бөлмениң ишин
алты жүз талант[b] жақсы алтын ме-
нен қаплатты. 9 Онда қолланылған

---

[a] **3:7** *Каруб* – қанатлы руўхый барлық.
[b] **3:8** *Алты жүз талант* – бир талант шама менен 34 кг.

алтын шегелердиң аўырлығы елиў
шекел еди. Жоқарғы бөлмелердиң
дийўаллары да алтын менен қаплан-
ды. 10 Ең мухаддес бөлме ушын еки
керубтың мүсинин ислетип, оларды
алтын менен қаплатты. 11 Керублар-
дың қанатларының улыўма узын-
лығы жигирма шығанақ еди. Бир
керубтың бир қанаты бес шығанақ
болып, ол Үйдиң бир дийўалына
тийип турды, ал екинши қанаты
да бес шығанақ болып, ол екинши
керубтың қанатына тийип турды.
12 Сол сыяқлы, екинши керубтың
да бир қанатының узынлығы бес
шығанақ болып, ол Үйдиң екинши
дийўалына тийип турды, ал екинши
қанаты да бес шығанақ болып, ол
биринши керубтың қанатына тийип
турды. 13 Керублардың жайылған
қанатларының узынлығы жигир-
ма шығанақ болды. Еки керуб та
тик аяқта турған қәлипте исленип,
жүзлери үлкен бөлмеге қарап тур-
ды. 14 Сулайман қызғыш көк, шым
қызыл, қырмызы жиплерден ҳәм
жиңишке ҳасыл зығыр жиплерден
таўар тоқытты ҳәм олардың бетине
керублардың сүўретлерин кестеле-
тип, перде ислетти. 15 Сулайман еки
өре ислетип, оларды Үйдиң алдына
қойдырды. Ҳәр бир өрениң бийик-
лиги отыз бес шығанақ, ал олардың
үстиндеги төбелигиниң ҳәр бириниң
бийиклиги бес шығанақ еди. 16 Ол
ҳалқа сыяқлы оралып туратуғын
шынжырлар ислетип, олар менен
өрениң жоқарысын безеди. Және,
ол жүз дана анар мийўесин ислетип,
оларды шынжырларға илдиртти.
17 Өрелерди Ибадатхананың алды-
на: биреўин қубла тәрепине, екин-
шисин арқа тәрепине қойдырып,
қубладағысын Яхин[a], арқадағысын
Боаз[b] деп атады.

### Ибадатханаға тийисли затларды ислеў

4 1 Сулайман қоладан қурбанлық
орын да ислетти. Оның узынлы-
ғы жигирма шығанақ, ени жигирма
шығанақ, бийиклиги он шығанақ еди.
2 Кейин қоланы еритип, үлкен ҳә-
ўиз қуйдырды. Оның бир ернегинен
екинши ернегине шекемги аралығы
он шығанақ, бийиклиги бес шыға-
нақ, айлана узынлығы отыз шыға-
нақ еди. 3 Ҳәўиз қуйылған ўақытта,
оның ернегиниң астына еки қатар
етип buғалардың көринислери қосып
қуйылған болып, олар ҳәр бир шыға-
наққа он-оннан туўры келетуғын еди.
4 Ҳәўиз он еки қуйма буғаның үстине
орнатылған болып, олардың үшеўи
арқаға, үшеўи батысқа, үшеўи қуб-
лаға, үшеўи шығысқа қарап турған
еди. Буғалардың артқы жағы ҳәўиз-
диң астында, иште еди. 5 Ҳәўиздиң
қалыңлығы төрт ели болып, ернеги
кесениң ернегине, ашылып турған
лала гүлге уқсайтуғын еди. Оған үш
мың бат суў сыятуғын еди. 6 Сулай-
ман он ләген ислетип, оның бесеўин
қубла тәрепке, бесеўин арқа тәрепке
қойды. Буларда жандырылатуғын
қурбанлықлар жуўылатуғын еди.
Ал ҳәўизде руўханийлер жуўынату-
ғын еди. 7 Сулайман берилген көр-
сетпелер бойынша он алтын шыра
қойғыш ислетип, олардың бесеўин

---

[a] **3:17** *Яхин* – «Ол беккемлейди» дегенди билдириў мүмкин.
[b] **3:17** *Боаз* – «Онда қүдирет бар» дегенди билдириў мүмкин.

Ибадатхананың ишине оң тәрепке,
бесеўин шеп тәрепке қойды. 8 Кейин
ол он стол соқтырып, оның бесеўин
Ибадатхананың ишине оң тәрепке,
бесеўин шеп тәрепке қойды. Және
алтыннан жүз дана қан себетуғын
табақ та ислетти. 9 Ол руўханийлер
ушын ҳәўли ҳәм үлкен ҳәўли қурды-
рып, ҳәўлилер ушын қапылар ис-
летти ҳәм қапыларды қола менен
қаплатты. 10 Ҳәўизди Ибадатхана-
ның қубла-шығыс тәрепине қой-
дырды. 11 Буннан кейин Хурам күл
салынатуғын ыдыслар, күл алатуғын
белшелер ҳәм қан себетуғын табақ-
лар соқты.

Солай етип, Хурам патша Су-
лайманның тапсырмасы бойын-
ша Қудайдың Үйи ушын ислеп
атырған мына ислерин тамамла-
ды: 12 еки өре, өрелердиң төбесине
қойылатуғын еки төбелик, өрелер-
диң төбелигин орап турған еки тор,
13 өрениң төбелигин жаўып турыў
ушын арналған ҳәр бир тордағы
еки қатар анар, яғный еки торда-
ғы төрт жүз анар, 14 түбелдириклер
ҳәм түбелдирик үстине ләгенлер,
15 ҳәўиз ҳәм ҳәўиздиң астындағы он
еки буға, 16 күл салынатуғын ыдыс-
лар, күл алатуғын белшелер, ша-
нышқылар.

Хурам-Абийдиң Жаратқан Ийе-
ниң Үйи ушын патша Сулайманға
ислеп берген ҳәмме буйымлары
жылтыратылған қоладан ислен-
ди. 17 Патша буларды Иордан те-
гислигинде, Суккот пенен Середа
арасындағы саз ылайлы жерлерде
қуйдырды. 18 Сулайман ислеткен
буйымлар соншелли көп болған-
лықтан, олар ушын кеткен қола-
ның өлшеми анықланбады.

19 Сулайман Қудайдың Үйи ушын
төмендеги затларды ислетти: ал-
тыннан исленген түтетки түтети-
летуғын орын, үстинде усынылған
нанлар туратуғын столлар, 20 қа-
ғыйдаға муўапық, төрги бөлме-
ге кирер аўызда жанып турыўы
ушын, сап алтыннан шыра қой-
ғышлар ҳәм олардың шыралары,
21 сапалы алтыннан исленген гүл-
лер, шыралар ҳәм пилик тазалай-
туғын қысқышлар, 22 сап алтыннан
пилик кескишлер, қан себетуғын
табақлар, лаўабы кеселер, шоқ са-
лынатуғын ыдыслар. Ибадатхана-
ның Ең мухаддес бөлмесиниң ҳәм
үлкен бөлмениң қапылары да ал-
тыннан исленди.

**5** 1 Сулайман Жаратқан Ийениң
Үйине тийисли болған барлық
ислерди тамамлағаннан кейин, әкеси
Даўыт атаған ҳәмме нәрсени: гүмис,
алтын ҳәм басқа затларды әкелип,
Қудайдың Үйиниң қазналарына
қойды.

### Келисим сандығының Жаратқан Ийениң Үйине алып келиниўи

2 Патша Сулайман Жаратқан
Ийениң Келисим сандығын Да-
ўыттың қаласы болған Сионнан
алып келиў ушын Израилдың
ақсақалларын, Израил халқы-
ның барлық урыў ҳәм әўлад бас-
шыларын Ерусалимге шақырды.
3 Ҳәмме израиллылар жетинши
айдағы байрам ўақтында патша-
ның алдына жыйналды. 4 Израил
ақсақалларының ҳәммеси жый-
налғанда, лебийлилер Келисим
сандығын жерден көтерип алды.

5 Руўханийлер менен лебийлилер
Келисим сандығын, Ушырасыў
шатырын ҳәм шатырдағы ҳәмме
мухаддес буйымларды Ибадат-
ханаға тасыды. 6 Патша Сулайман
ҳәм оның жанындағы пүткил Из-
раил жәмийети Келисим санды-
ғының алдында, сан-санақсыз қой
ҳәм буғаларды қурбанлыққа шал-
ды. 7 Руўханийлер Жаратқан Ийе-
ниң Келисим сандығын Үйдиң ең
төрине, Ең мухаддес бөлмеге кир-
гизип, керублардың қанатларының
астындағы өз орнына қойды. 8 Ке-
рублардың қанатлары сандықтың
үсти бойлап созылып, сандықты
да, оның сырықларын да жаўып
турды. 9 Сырықлар жүдә узын бол-
ғанлықтан, олардың ушлары төр-
ги бөлмениң алдындағы Мухаддес
бөлмеден көринип туратуғын еди.
Бирақ олар сырттан көринбейту-
ғын еди. Олар ҳәзир де сол жерде
тур. 10 Сандықтың ишинде Муў-
саның Хореб таўында қойған еки
тас тахтасынан басқа ҳеш нәрсе
жоқ еди. Мысырдан шыққанда
Жаратқан Ийе бул таўда израил-
лылар менен келисим дүзген еди.

11 Руўханийлер Мухаддес бөл-
меден шықты. Ол жердеги бар-
лық руўханийлер қайсы топарға
тийисли болыўына қарамастан,
тазаланыў рәсиминен өткен еди.
12 Барлық лебийли сазенделер:
Асаф, Ҳеман, Едутун, олардың ул-
лары ҳәм ағайинлери ҳасыл зы-
ғырдан кийим кийип алған еди.
Олар кимбал, арфа ҳәм лира[a] шер-
тип қурбанлық орынның шығыс
жағында турған еди. Олардың
жанында кәрнай шалатуғын бир
жүз жигирма руўханий турды.
13 Кәрнайшылар менен қосықшы-
лар биригип, бәлент даўыс пенен
Жаратқан Ийеге алғыс-мақтаўлар
айтып, Оны тәрийипледи. Кәрнай,
кимбал ҳәм басқа саз әсбапларына
қосылып қосықшылар:

«Жаратқан Ийе ийгиликли,
Оның садықлығы мәңги даўам
етеди!» –

деп Жаратқан Ийеге алғыс-мақ-
таўлар айтты.

Сонда бир булт Жаратқан Ийениң
Үйин толтырды. 14 Бул булт себеп-
ли руўханийлер хызметин даўам
еттире алмады. Себеби Жаратқан
Ийениң салтанаты Қудайдың Үйин
толтырып турған еди.

### Сулайманның сөзи

**6** 1 Сонда Сулайман былай деди:
– Жаратқан Ийе! Сен: «Қо-
йыў бултлар ишинде мәкан қурыў-
ды қәлеймен», – деп айтқан един.
2 Мен Сен ушын салтанатлы бир
Үй, мәңгиге жасайтуғын бир қо-
ныс қурдым.

### Сулайманның халыққа айтқан сөзлери

3 Патша бурылып, тик аяқта тур-
ған пүткил Израил жәмийетине
пәтия берди. 4 Соңынан патша бы-
лай деди:

– Әкем Даўытқа Өз аўзы менен
айтқан сөзлерин[b] Өз қоллары ме-
нен орынлаған Израилдың Қудайы
Жаратқан Ийеге алғыслар болсын!

---

a **5:12** *Лира* – бармақ пенен шертилетуғын тарлы саз әсбабы.
b **6:4** 1Жлн 17:1-14.

Ол былай деген еди: 5 «Халқымды
Мысырдан алып шыққан күннен
бери Өзимниң атыма арнап бир
Үй қурыўы ушын, Израил урыў-
ларына тийисли қалалардың ҳеш
бирин таңламадым. Сондай-ақ хал-
қым Израилды басқарыў ушын да
бирде бир адамды таңламадым.
6 Бирақ енди Мен атыма арнап Үй
қурыў ушын Ерусалимди, ал хал-
қымды басқарыў ушын Даўытты
таңлап алдым». 7 Әкем Даўыттың
жүрегинде Израилдың Қудайы
Жаратқан Ийениң атына арнап
Үй қурыў қәлеўи бар еди. 8 Бирақ
Жаратқан Ийе әкем Даўытқа: «Ме-
ниң атыма арнап Үй қурыўды нийет
етипсең. Бул жақсы нийет. 9 Деген
менен, Мениң атыма арнап бул Үй-
ди сен емес, ал сениң бел балаң
қурады», – деди. 10 Жаратқан Ийе
берген сөзин орынлады. Жаратқан
Ийениң айтқанындай, әкем Да-
ўыттан соң Израил тахтына мен
отырдым ҳәм Израилдың Қудайы
Жаратқан Ийениң атына арнап
Үй қурдым. 11 Сондай-ақ, ишинде
Жаратқан Ийениң Израил халқы
менен дүзген келисими турған сан-
дықты усы Үйдиң ишине қойдым.

### Сулайманның дуўасы

12 Сулайман Жаратқан Ийеге
арналған қурбанлық орынның
алдында, пүткил Израил жәми-
йетиниң қарсысында турып, қол-
ларын жайып дуўа етти. 13 Қоладан
узынлығы да, ени де бес шығанақ,
бийиклиги үш шығанақ болған бир
сыпа ислетип, оны ҳәўлиниң орта-
сына қойдырған болып, Сулайман
сол сыпаға минип турған еди. Ол
пүткил Израил жәмийети алдында
дизерлеп отырып, қолларын көк-
лерге жайып, 14 былай деди:

– Жаратқан Ийе, Израилдың
Қудайы! Көкте де, жерде де Саған
тең келетуғын қудай жоқ. Сен Өзи-
ңе шын жүректен бойсынып жүрген
қулларың менен дүзген келисимиңе
садық қалып, оларға мийримиңди
көрсетесең. 15 Сен Өз қулыңа, әкем
Даўытқа Өз аўзың менен айтқан
сөзлериңди бүгин Өз қолларың ме-
нен иске асырдың. 16 Жаратқан Ийе,
Израилдың Қудайы! Енди әкем Да-
ўытқа берген мына сөзиңниң де
орынланыўын қәлеймен. Сен оған:
«Егер урпақларың да саған уқсап,
Мениң Нызамларыма әмел қылып,
жолларынан адаспай жүрсе, сениң
урпағыңнан Израил тахтында оты-
ратуғын ер адамның изи үзилмей-
ди», – деген едиң. 17 Израилдың
Қудайы Жаратқан Ийе, енди Өз
қулың Даўытқа берген сөзиңди
орынлай гөр!

18 Ырасында да, Қудай жер бетин-
де адамлар арасында жасар ма еди?
Сен көклерге, көклердиң көклери-
не де сыймайсаң. Оның алдында
мен қурған мына Үй не болып-
ты?! 19 Солай болса да, Қудайым
Жаратқан Ийе, қулыңның дуўа-
ларын ҳәм өтинишлерин еситип,
оның жалбарыныўларына ҳәм ду-
ўасына қулақ сал. 20 Көзлериң кү-
ни-түни: «Мениң атым сол жерде
болады», – деп Өзиң айтқан Үйде
болсын ҳәм қулыңның сол жерге
қарап еткен дуўасын есит. 21 Усы
жерге қарап дуўа еткенинде, қу-
лыңның ҳәм халқың Израилдың
жалбарыныўларын есите гөр. Көк-
лердеги Өз мәканыңнан оларға қу-
лақ тутып, оларды кешире гөр.

[22] Егер биреў өз жақынына қарсы
гүна ислеўде айыпланса ҳәм оннан
ант ишиў талап етилсе, ол келип,
усы Үйдеги Сениң қурбанлық ор-
ның алдында ант ишсе, [23] Сен оларға
көклерден қулақ салып, қулларың-
ды Өзиң ҳүким ете гөр. Жазықлы-
ны исине сай жазалап, жазықсызды
әдиллигине сай ақлай гөр.
[24] Егер халқың Израил Сениң ал-
дыңда гүна ислегени ушын душ-
панларынан жеңилсе ҳәм қайтадан
Саған жүз бурып, атыңды тән алса
ҳәм усы Үйде дуўа етип, Саған жал-
барынса, [25] онда Сен оларға көк-
лерден қулақ салып, Өз халқың
Израилдың гүналарын кешир ҳәм
оларды өзлерине және ата-бабала-
рына Өзиң берген жерге қайтара гөр.
[26] Олар Саған қарсы гүна ислеге-
ни ушын аспан жабылып, жаўын
жаўмағанда, олар усы жерге қарап
дуўа етсе, атыңды тән алса ҳәм Сен
оларды жазалағаныңда, гүналары-
нан жүз бурса, [27] онда Сен оларға
көклерден қулақ салып, қулларың-
ның ҳәм халқың Израилдың гүна-
ларын кешире гөр, оларға жүриўи
тийис болған туўры жолды көрсет
ҳәм халқыңа мүлик етип берген же-
риңе жаўын жаўдыра гөр.
[28] Егер елде ашлық болса, иллет
пайда болса, егинлер қуўраса яма-
са кеселленсе, шегиртке ҳәм қурт
қапласа, душпанлар келип, өз қа-
лаларының биринде қамал қылса,
қандай да бир апатшылық басына
түссе ямаса иллет тарқаса, [29] сонда
бир адам ямаса пүткил халқың Из-
раил дуўа етип, жалбарынса, ҳәр бир
адам өзиниң басына түскен апат-
шылықты сезип, қайғырып, усы
Үйге қарай қолларын жайса, [30] Сен
көклердеги Өз мәканыңнан оларға
қулақ сала гөр ҳәм оларды кеширип,
ислеген ислерине қарай жуўап бере
гөр. Себеби адам баласының жүре-
гинде не барын тек Сен ғана билесең.
[31] Олар Өзиң ата-бабаларымызға
берген бул жерде өмир бойы Сен-
нен қорқып жасасын ҳәм бәрқулла
Сениң жолың менен жүрсин.
[32] Егер халқың Израилдан бол-
маған жат жерли адам Сениң ул-
лы атың, қүдиретли қолың ҳәм Өз
халқыңа қол созғаның ҳаққында
еситип, узақ елден келсе ҳәм усы
Үйге қарап дуўа етсе, [33] көклердеги
Өз мәканыңнан оған қулақ салып,
сорағанларын бере гөр. Солай етип,
дүньядағы барлық халықлар хал-
қың Израил сыяқлы Сениң атың-
ды билип, Сеннен қорқсын ҳәм мен
қурдырған усы Үйдиң Саған сы-
йынатуғын орын екенин билсин.
[34] Егер халқың Сен жиберген жол
бойынша душпанларына қарсы са-
ўашқа шықса ҳәм Сен таңлап алған
қала менен Сениң атыңа арнап мен
қурған усы Үйге қарап Саған дуўа
етсе, [35] көклерден олардың дуўала-
рына ҳәм жалбарыныўларына қулақ
сала гөр ҳәм оларға жәрдем бере гөр.
[36] Егер олар Саған қарсы гүна ис-
лесе, себеби гүна ислемеген бир-
де бир адам жоқ, Сен ғәзепленип,
оларды душпанға тәслим етсең ҳәм
душпан оларды тутқын етип, жа-
қын ямаса узақ бир елге алып кетсе,
[37] олар да тутқын болған елде жү-
рип, есин жыйып алғаннан кейин
тәўбеге келип: «Гүна иследик, ны-
замсызлық қылдық, айыпдармыз», –
деп жалбарынса, [38] өзлери тутқынға
алынып, сүргин қылынған елинде
жүрип, шын жүректен ҳәм жан-тәни

менен Саған жүз бурса, өзлериниң
ата-бабаларына берген жерине, Сен
таңлап алған қалаға ҳәм Сениң аты-
ңа арнап мен қурған Үйге қарап дуўа
етсе, 39 көклердеги Өз мәканыңнан
олардың дуўа ҳәм жалбарыныўла-
рына қулақ сала гөр ҳәм оларды қут-
қара гөр. Саған қарсы гүна ислеген
халқыңды кешире гөр.

40 Енди Қудайым, нәзериң биз-
лерде болсын ҳәм усы жерде ай-
тылатуғын дуўаларымызға қулақ
сала гөр!

41 Қудай, Жаратқан Ийе! Көтерил
енди Өзиң жасайтуғын
жерге,
Қудиретиңниң белгиси болған
сандығың менен бирге.
Қудай Ийе! Руўханийлериң
қутқарыўға бөленсин,
Садық қулларың
жақсылығыңнан қуўансын.
42 Қудай Ийе! Өз майлағаныңнан
ўаз кешпе,
Қулың Даўытқа көрсеткен
жақсылығыңды есте сақла!

## Қудайдың Үйиниң бағышланыўы

**7** 1 Сулайман дуўа етип болыў-
дан-ақ, аспаннан от түсип,
жандырылатуғын ҳәм басқа қурбан-
лықларды жалмап кетти. Жаратқан
Ийениң салтанаты Үйди толтырды.
2 Жаратқан Ийениң салтанатының
Өз Үйин толтырғаны соншелли, руў-
ханийлер Үйге кире алмады. 3 Пүт-
кил Израил халқы аспаннан түскен
отты ҳәм Үй үстиндеги Жаратқан
Ийениң салтанатын көргенде, тас
төселген аланда ет бетинен жерге
жығылып, тәжим етти ҳәм:

«Жаратқан Ийе ийгиликли,
Оның садықлығы мәңги даўам
етеди», –
деп тәрийипледи.

4 Соңынан патша ҳәм пүткил ха-
лық Жаратқан Ийеге арнап қур-
банлық шалды. 5 Патша Сулайман
жигирма еки мың бас буға ҳәм
бир жүз жигирма мың бас қойды
Жаратқан Ийеге арнап, қурбан-
лыққа шалды. Солай етип, пат-
ша ҳәм пүткил халық Қудайдың
Үйин бағышлады. 6 Руўханийлер
өз хызмет орынларын ийеледи.
Лебийлилер де Жаратқан Ийени
тәрийиплеў ушын патша Даўыт
соқтырған саз әсбапларын қолла-
рына алып турды. Даўыттың өзи
де: «Оның садықлығы мәңги даўам
етеди», – деп тәрийиплегенде, усы
әсбаплардан пайдаланған еди. Ле-
бийлилердиң қарсысында турған
руўханийлер кәрнайларын шалды,
пүткил Израил халқы тик аяқта
турған еди. 7 Сулайман Жаратқан
Ийениң Үйиниң алдындағы ҳәўли-
ниң ортаңғы бөлегин де мухаддес
қылып айырып, жандырылатуғын
қурбанлықларды ҳәм татыўлық
қурбанлықларының майларын сол
жерде берди. Өйткени өзи қоладан
ислеткен қурбанлық орынға жан-
дырылатуғын қурбанлықлар менен
ғәлле садақалары ҳәм де татыўлық
қурбанлықларының майлары сый-
май кетти. 8 Сол ўақытта Сулайман
ҳәм үлкен жәмийет – Лебо-Хамат-
тан Мысыр шегарасындағы сайға
дейинги жерлерде жасайтуғын пүт-
кил Израил халқы Қос байрамын
жети күн нышанлады. 9 Сегизин-
ши күни салтанатлы жыйналыс өт-
керди. Олар жети күн даўамында

қурбанлық орынды бағышлаў рә-
симинен өткергеннен кейин, жети
күн байрамды нышанлаған еди.
10 Жетинши айдың жигирма үшин-
ши күни Сулайман халықты үйле-
рине қайтарды. Жаратқан Ийениң
Даўытқа, Сулайманға ҳәм Өз халқы
Израилға ислеген жақсылықлары-
на қуўанып, олардың жүреклери
толып тасты.

### Жаратқан Ийениң Сулайманға және көриниўи

11 Сулайман Жаратқан Ийениң
Үйин ҳәм өзиниң сарайын салып,
нийетлеген исиниң ҳәммесин та-
быслы тамамлағаннан соң, 12 түнде
Жаратқан Ийе оған және көринип,
былай деди:
– Мен сениң дуўаларыңды есит-
тим ҳәм бул жерди Өзиме қур-
банлық шалынатуғын Үй қылып
таңладым. 13 Егер Мен жаўын жаў-
масын деп аспанды жаўып тасласам,
яки шегирткелерге жер бетиндеги-
лерди жеп таслаўды буйырсам, яки
халқыма иллет жиберсем, 14 сонда
Мениң атым менен аталатуғын хал-
қым Маған бойсынып, дуўа етсе,
Маған жүз бурып, жаман жолла-
рынан қайтса, онда Мен аспаннан
оларға қулақ саламан. Олардың гү-
наларын кеширип, жерлерин шы-
палайман. 15 Буннан былай, усы
жерде қылынатуғын дуўаларға нә-
зеримди саламан, қулақларым тү-
риўли болады. 16 Атымның мәңгиге
сол жерде болыўы ушын, усы Үй-
ди таңлап алып, мухаддес қылдым.
Мениң көзлерим ҳәм жүрегим бәр-
қулла сол жерде болады. 17 Саған
келсек, Мениң алдымда әкең Да-
ўытқа уқсап жүрсең, барлық буй-
рықларымды орынлап, қағыйда
ҳәм нызамларыма бойсынып жа-
сасаң, 18 онда: «Израил тахтынан
сениң урпағыңның изи үзилмей-
ди», – деп әкең Даўытқа берген
сөзимде турып,[a] патшалық тахтың-
ды мәңгиге туратуғын қыламан.
19 Бирақ егер сизлер жолымнан
тайып, берген қағыйда ҳәм буй-
рықларыма бойсынбай, кетип қал-
саңыз ҳәм басқа қудайларға хызмет
етип, оларға табынсаңыз, 20 онда
Мен Израилды Өзим берген жерден
шығарып таслайман ҳәм Өз атым
ушын мухаддес қылған мына Үй-
ди тәрк етип, оны пүткил халықлар
арасында әпсанаға айландырып,
масқара қыламан. 21 Сонда ҳәзир
зәўлим болып турған мына Үйдиң
жанынан өтип баратырған ҳәр бир
адам ҳайран қалып, қорқыныш пе-
нен: «Жаратқан Ийе бул елди ҳәм
мына Үйди не ушын бул аўҳалға
салды екен?» – деп сорайтуғын бо-
лады. 22 Кейин олар: «Израил хал-
қы ата-бабаларын Мысырдан алып
шыққан Қудайы Жаратқан Ийени
тәрк етип, басқа қудайларға жа-
бысып алды ҳәм оларға табынып,
хызмет етти. Сонлықтан Жаратқан
Ийе оларды усы апатшылыққа дуў-
шар етти», – дейди.

### Сулайман қылған ислер

8 1 Сулайман Жаратқан Ийениң
Үйи менен өзиниң сарайын жи-
гирма жылда питкерди. 2 Соның
менен бирге Сулайман өзине Тир
патшасы Хирам берген қалаларды

---

a **7:18** 2Пат 7:11-16.

да қайта қурып, оларға израиллы-
ларды орналастырды. [3] Сулайман
Хамат-Соба патшалығына жүрис
қылып, оны да қолға киргизди. [4] Ол
шөлдеги Тадмор қаласын ҳәм Ха-
мат елиндеги барлық телеклери бар
қалаларды қурып питкерди. [5] Жо-
қарғы ҳәм төменги Бейт-Хорон қа-
лаларын қайта салып, дийўал менен
қоршап, тәмбиленетуғын дәрўаза
қурды. [6] Сондай-ақ, Баалат қала-
сын, өзине тийисли барлық телек-
лери бар қалаларды, барлық саўаш
арбалары ҳәм атлары сақланатуғын
қалаларды қайта қурып, беккемледи.
Солай етип, Сулайман Ерусалимде,
Лебанон таўларында ҳәм қол ас-
тындағы ҳәмме қалаларда қәлеген
нәрселерин қурды.

[7] Үлкеде Израил халқынан болма-
ған халықлар: хет, амор, периз, хиў
ҳәм ебус халықлары қалып кеткен
еди. [8] Израил халқы оларды толық
жоқ қыла алмаған еди. Сулайман
бул халықлардың урпақларын мәр-
дикарға алды. Бул ҳәзир де даўам
етпекте. [9] Бирақ Сулайман Израил
халқының биреўин де қара жумыс-
қа салмады. Оларды өзине әскер,
әскербасылар, арбалы әскерлердиң
басшылары етип қойды. [10] Сулай-
ман патшаның халықты басқарып
турған еки жүз елиў қадағалаўшы-
сы да израиллылардан еди.

[11] Сулайман: «Ҳаялым Израил
патшасы Даўыттың сарайында
турмаўы керек. Себеби Жаратқан
Ийениң Келисим сандығы турған
жер – мухаддес», – деп, фараонның
қызын Даўыттың қаласынан ол
ушын салдырған сарайға көширди.

[12] Сулайман Ибадатхананың
айўанының алдына қурылған
қурбанлық орында Жаратқан
Ийеге арнап жандырылатуғын
қурбанлықлар усынатуғын еди.
[13] Ол бул қурбанлықларды Муў-
саның ҳәр күн ушын белгилеп
берген қағыйдасына муўапық,
Шаббат күнлери, Жаңа ай бай-
рамларында, жылдың үш байра-
мында: Ашытқысыз нан байрамы,
Ҳәптелер байрамы ҳәм Қос бай-
рамы күнлери усынатуғын еди.
[14] Сулайман әкеси Даўыттың буй-
рығы бойынша, руўханийлерди
топарлары бойынша хызметлерге
қойды. Лебийлилерди болса ал-
ғыс-мақтаў айтыў ҳәм күнделикли
ислерде руўханийлерге жәрдем-
лесиў хызметине қойды. Дәрўаза
қараўылларын да топарлары бо-
йынша дәрўазаларға бөлип қойды.
Себеби Қудайдың адамы Даўыт
усылай буйырған еди. [15] Патша-
ның руўханийлерге, лебийлилер-
ге, сондай-ақ қазнаға байланыслы
берген буйрықлары булжытпай
орынланды.

[16] Сулайман ислеўди қәлеген ислер,
Жаратқан Ийениң Үйиниң негизин
қойған күннен баслап, ол қурылып
болынғанға дейинги ислер толық
орынланды. Солай етип, Жаратқан
Ийениң Үйи қурып болынды.

[17] Патша Сулайман Эдом жерин-
де, теңиз жағасында жайласқан
Эсион-Гебер ҳәм Элат қалалары-
на барды. [18] Патша Хирам Сулай-
манға теңизди жақсы билетуғын
адамлары менен бирге кемелерин
жиберди. Олар Сулайманның ке-
мешилери менен бирге Офирге ба-
рып, ол жерден патша Сулайманға
төрт жүз елиў талант алтын әке-
лип берди.

## Шеба ҳаял патшасының Сулайманға келиўи

**9** 1 Шеба[a] ҳаял патшасы Сулай-
манның арттырған даңқы туў-
ралы еситип, оны жумбақлар менен
сынаў ушын, хош ийисли затлар,
көп муғдарда алтын ҳәм қымбат-
баҳа таслар жүкленген үлкен бир
кәрўанды баслап Ерусалимге кел-
ди. Ол кеўлинде бар болған ҳәмме
нәрсесин Сулайман менен бөлисти.
2 Сулайман ҳаял патшаның ҳәмме
сораўларына жуўап берди. Сораў-
ларда патша түсиндире алмастай
ҳеш нәрсе жоқ еди. 3 Шеба ҳаял пат-
шасы Сулайманның даналығын, ол
қурдырған сарайды көрди. 4 Ол және
патшаның дастурханындағы тағам-
ларын, ўәзирлериниң отырыс-туры-
сын, хызметшилериниң хызметин
ҳәм олардың кийимлерин, шарап
қуйыўшыларын ҳәм олардың ки-
йимлерин, оның Жаратқан Ийениң
Үйинде берген жандырылатуғын
қурбанлықларын көргенде, артық
өзин услап тура алмады.
5 Ол патшаға былай деди:
– Сизиң ислериңиз ҳәм даналығы-
ңыз ҳаққында өз елимде еситкен-
лерим ырас екен. 6 Бирақ мен келип,
өз көзлерим менен көрмегенше, сол
сөзлерге исенбеген едим. Маған си-
зиң даналығыңыздың ярымын да
айтпаған екен. Сиз еситкенимнен
де артық екенсиз. 7 Сизиң адам-
ларыңыз ҳәм хызметшилериңиз
қаншелли бахытлы! Олар бәр-
қулла алдыңызда турып, даналы-
ғыңызды тыңлай алады. 8 Сизге
кеўли толып, сизди Қудайыңыз
Жаратқан Ийеге хызмет етиў ушын
патша етип Өз тахтына отырғыз-
ған Қудайыңыз Жаратқан Ийеге
алғыслар болсын! Қудайыңыз Из-
раилды мәңгиге беккемлеў ушын,
оны сүйгенлиги себепли, әдалатты
ҳәм туўрылықты жүзеге асырыўы-
ңыз ушын сизди патша етип қойды.
9 Шеба ҳаял патшасы Сулайман
патшаға бир жүз жигирма талант
алтын, жүдә көп муғдарда хош ийис-
ли затлар ҳәм қымбатбаҳа таслар
саўға етти. Шеба ҳаял патшасының
патша Сулайманға саўға еткениндей
дәрежеде сапалы хош ийисли зат-
лар ҳеш қашан алып келинген емес.
10 Хирам менен Сулайманның
Офирден алтын алып келген адам-
лары да сол жерден сапалы арша
ағашларын ҳәм қымбатбаҳа тас-
лар алып келди. 11 Патша сапалы
арша ағашларынан Жаратқан Ийе-
ниң Үйи ҳәм өзиниң сарайы ушын
текшелер, қосықшылар ушын лира
ҳәм арфа саз әсбапларын ислетти.
Бүгинге дейин Яҳуда елинде бун-
дай сапалы арша ағашын ҳеш ким
ҳеш қашан көрмеген еди.
12 Сулайман Шеба ҳаял патшасы-
на өзиниң әкелгенинен де көбирек
саўғалар берди. Буннан тысқары,
ол ҳаял патшаға сораған ҳәм қәле-
ген нәрселериниң ҳәммесин берди.
Кейин, ҳаял патша адамлары ме-
нен бирге өз елине қайтып кетти.

## Сулайман патшаның байлығы

13 Ҳәр жылы Сулайманға ке-
лип туратуғын алтынның муғда-
ры алты жүз алпыс алты талант
еди. 14 Буннан тысқары, усақлап

---

a **9:1** *Шеба* – Арабияның қубла тәрепинде жайласқан ел.

сатыўшылар, саўдагерлер ҳәм
Арабстанның барлық патшалары
менен Израил үлкелериниң ҳәким-
лери Сулайманға алтын ҳәм гүмис
алып келетуғын еди.
15 Патша Сулайман еки жүз үл-
кен қалқан ислетип, оларды алтын
менен қаплатты. Ҳәр бир қалқанға
алты жүз шекел алтын жумсалды.
16 Және алтыннан ҳәр бири үш жүз
шекел келетуғын үш жүз кишкене
қалқан ислетти. Патша бул қалқан-
ларды Лебанон тоғайы деп атала-
туғын имаратқа қойды.
17 Ол және пилдиң сүйегинен үл-
кен тахт ислетип, оны сап алтын
менен қаплатты. 18 Тахттың ал-
ты текшеси ҳәм тахтқа бекитил-
ген алтын табан тирегиши бар еди.
Тахттың отырғышының еки тә-
репинде шығанақ қойғышы ҳәм
оның жанында еки арысланның
мүсини бар еди. 19 Тахттың алты
текшесиниң ҳәр бириниң еки тә-
репинде бир-бирден он еки арыс-
ланның мүсини тур еди. Ҳеш бир
патшалықта бундай нәрсе жоқ еди.
20 Патша Сулайманның ишимлик
ишетуғын ыдыслары алтыннан ис-
ленди. Лебанон тоғайы деп атала-
туғын имараттағы ҳәмме ыдыслар
да алтыннан исленген еди. Себе-
би Сулайманның ўақтында гүмис
қәдирсиз болып қалған еди. 21 Те-
ңизде Хирамның адамларының
басшылығында Сулайманның үл-
кен саўда кемелери бар еди. Бул ке-
мелер үш жылда бир мәрте қайтып
келетуғын ҳәм сонда алтын, гүмис,
пил сүйеги, маймыллар ҳәм таўыс
қусларын алып келетуғын еди.
22 Патша Сулайман байлықта ҳәм
даналықта дүньяның барлық пат-
шаларынан үстин болды. 23 Қудай-
дың Сулайманға берген даналығын
тыңлаў ушын, жер бетиндеги бар-
лық патшалар оны көриўге қуштар
еди. 24 Оны көриўге келгенлердиң
ҳәр бири ҳәр жылы саўға ушын гү-
мис ҳәм алтын ыдыслар, кийим-
лер, қурал-жарақлар, хош ийисли
затлар, ат ҳәм ғашырлар алып ке-
лип турды.
25 Сулайманның атлары менен
саўаш арбаларына арналған төрт
мың қорасы ҳәм он еки мың аты
бар еди. Олардың бир бөлегин са-
ўаш арбалары ушын ажыратылған
қалаларға, бир бөлегин өзиниң жа-
нына, Ерусалимге жайластырды.
26 Сулайман Евфрат дәрьясынан
филистлердиң жерине ҳәм Мысыр
шегарасына дейинги барлық пат-
шалықлар үстинен ҳүкимдарлық
етти. 27 Патша Ерусалимде гүмис-
ти әпиўайы тасларға тең қылып
қойды. Ал кедр ағашы жүдә көп
болғанлықтан, батыстағы таў етек-
леринде өсетуғын жабайы әнжир
ағашына тең болып қалды. 28 Су-
лайманның атлары Мысырдан ҳәм
басқа барлық үлкелерден алып ке-
линетуғын еди.

## Сулайманның өлими

29 Сулайманның басқа ислери
басынан ақырына дейин, Натан
пайғамбардың тарийх китабында,
шилолы Ахия пайғамбардың пай-
ғамбаршылықларында ҳәм ўәлий
Иддоның Набат улы Яробам туў-
ралы көрген аяны баян етилген
жазыўларда жазылған. 30 Сулай-
ман Ерусалимде пүткил Израил
үстинен қырық жыл патшалық
етти. 31 Кейин Сулайман өлип,

ата-бабаларына қосылды ҳәм әке-
си Даўыттың қаласына жерленди.
Оның орнына улы Рехабам пат-
ша болды.

### Израиллылардың Рехабамға қарсы көтерилиўи

**10** [1] Рехабам Шехемге кетти.
Өйткени пүткил израил-
лылар Рехабамды патша етип қо-
йыў ушын Шехемге топланған еди.
[2] Патша Сулайманнан қашып, Мы-
сырда жасап атырған Набат улы
Яробам буны еситкенде, Мысыр-
дан қайтты. [3] Израиллылар Яро-
бамды шақыртты. Яробам пүткил
израиллылар менен бирге Реха-
бамға келип:
[4] – Әкеңиз мойнымызға аўыр мо-
йынтырық салған еди. Сиз әкеңиз
жүклеген аўыр жүкти ҳәм ол сал-
ған мойынтырықты жеңиллетиң.
Сонда сизге хызмет етемиз, – деди.
[5] Рехабам оларға:
– Үш күннен кейин қайтып ке-
лиңлер, – деди. Халық тарап кетти.
[6] Патша Рехабам әкеси Сулай-
манның көзиниң тирисинде оған
хызмет еткен ақсақаллар менен
ойласып:
– Мына халыққа не деп жуўап бе-
рейин, қандай мәсләҳәт бересиз-
лер? – деп сорады.
[7] Ақсақаллар оған:
– Егер сиз бул халыққа жыллы
шырай көрсетип, кеўлин алып,
жақсы сөзиңизди аямасаңыз, олар
сизге бир өмир қул болады, – деп
жуўап берди.
[8] Деген менен, Рехабам ақсақал-
лардың мәсләҳәтине қулақ аспай,
өзи менен бирге өскен жас хыз-
метшилери менен кеңесип, [9] олар-
дан: – «Әкеңиздиң бизлерге салған
мойынтырығын жеңиллетсеңиз», –
деп атырған бул халыққа не деп
жуўап берсем екен? Сизлер қандай
мәсләҳәт бересиз? – деп сорады.
[10] Сонда өзи менен бирге өскен
жас жигитлер оған былай деп жу-
ўап берди:
– Сизге: «Әкеңиз мойнымыз-
ға аўыр мойынтырық салған еди,
сиз оны жеңиллетсеңиз», – деп
атырған халыққа: «Мениң шуна-
тай бармағым әкемниң белинен де
жуўанырақ. [11] Әкем сизлерге аўыр
мойынтырық салған болса, мен мо-
йынтырығыңызды оннан да аўыр-
латаман. Әкем сизлерди қамшы
менен жазалаған болса, мен сиз-
лерди сым қосып өрилген қамшы
менен жазалайман», – деп айтың.
[12] Патшаның: «Үш күннен кейин
қайтып келиңлер», – деген сөзи
бойынша, үшинши күни Яробам
ҳәм пүткил халық Рехабамға кел-
ди. [13] Патша ақсақаллардың ке-
ңесине қулақ аспай, оларға қатал
жуўап берди. [14] Ол жас жигитлер-
диң мәсләҳәти бойынша халыққа:
– Әкем сизлерге аўыр мойынты-
рық салған болса, мен оны және
де аўырлатаман. Әкем сизлерди
қамшы менен жазалаған болса,
мен сизлерди сым қосып өрилген
қамшы менен жазалайман, – деди.
[15] Патша халыққа қулақ салмады.
Себеби Жаратқан Ийениң шилолы
Ахия арқалы Набат улы Яробам-
ға айтқан сөзлери[a] орынланыўы
ушын Қудай усылай иследи.

---

[a] **10:15** 3Пат 11:29-39.

[16] Пүткил израиллылар патша-
ның өзлерине қулақ салмағанын
көргенде, патшаға былай деп жу-
ўап берди:

«Даўыт пенен бизиң не
байланысымыз бар,
Ишайдың улында алатуғын
үлесимиз де жоқ.
Ҳәй, Израил халқы,
үйлериңизге қайтыңлар!
Ҳәй Даўыт, өз үйиң өзиңе
ардана болсын!»

Усыларды айтып, израиллылар
ҳәммеси өз үйлерине қайтып кетти.
[17] Бирақ Рехабам Яҳуда қалала-
рында жасайтуғын израиллылар-
ға патшалық етиўин даўам етти.
[18] Патша Рехабам мәрдикарға
алынғанлар үстинен қадағалаў-
шы Ҳадорамды Израил халқына
жиберди. Халық оны тас боран қы-
лып өлтирди. Сонда патша Рехабам
тез саўаш арбасына минди де, Еру-
салимге қашып кетти. [19] Сол күн-
нен баслап ҳәзирге дейин, Израил
халқы Даўыттың урпағына қарсы
көтерилип келмекте.

## Шемаяның пайғамбаршылығы

**11** [1] Рехабам Ерусалимге барды
да, Израил менен урысып, өз
патшалығын қайтарып алыў ушын,
Яҳуда ҳәм Бенямин урыўынан бир
жүз сексен мың ағла жаўынгерди
әскерликке топлады. [2] Бирақ сол
арада Қудайдың адамы болған Ше-
маяға Жаратқан Ийеден мынадай
сөз түсти:
[3] – Яҳуда патшасы Сулайманның
улы Рехабамға, Яҳуда ҳәм Бенямин
жериндеги барлық израиллылар-
ға былай деп айт: [4] «Жаратқан Ийе
былай дейди: Өз туўысқанлары-
ңызға қарсы урыс ашып, урысты
басламаңлар. Ҳәр бириңиз өз үйи-
ңизге қайтыңлар. Өйткени бул ис-
лерди ислеп атырған Мен боламан».
Жаратқан Ийениң бул сөзле-
рин еситкен халық Яробамға қар-
сы урысыўдан ўаз кешип, изине
қайтты.

## Рехабамның Яҳуда қалаларын беккемлеўи

[5] Рехабам Ерусалимде жасады
ҳәм қорғаныў ушын Яҳудадағы
мына қалаларды дийўаллар менен
қоршады: [6] Бейтлеҳем, Этам, Теқоа,
[7] Бейт-Сур, Сохо, Адуллам, [8] Гат,
Мареша, Зиф, [9] Адорайым, Лахиш,
Азеқа, [10] Сора, Айялон ҳәм Хеб-
рон. Булар Яҳуда ҳәм Бенямин жер-
лериндеги қорғанлы қалалар еди.
[11] Рехабам усы қалалардың беки-
нислерин күшейтип, бекинислер-
ге әскербасылар қойды ҳәм оларда
азық-аўқат, зәйтүн майы ҳәм ша-
рап сақланатуғын орынлар қурды.
[12] Ҳәр бир қаланы үлкен қалқан ҳәм
найзалар менен тәмийинлеп, қор-
ғаныўды беккемледи. Солай етип,
Яҳуда ҳәм Бенямин урыўлары Ре-
хабамның қол астында қалды.
[13] Израилдың барлық аймақла-
рындағы руўханийлер менен ле-
бийлилер Рехабамның қасына
топланды. [14] Лебийлилер, ҳәтте,
өз жайлаўлары менен мал-мүликле-
рин таслап, Яҳуда ҳәм Ерусалимге
көшип келди. Себеби Яробам ме-
нен оның уллары оларды руўханий
болып, Жаратқан Ийеге хызмет
етиўден шетлеткен еди. [15] Яробам

теке ҳәм тана мүсинлерин ислетип
сыйыныў орынларына қойды ҳәм
ол жерлерге хызмет етиў ушын өз
руўханийлерин тайынлады. [16] Из-
раилдың барлық урыўларында-
ғы Израилдың Қудайы Жаратқан
Ийеге шын жүректен умтылған-
лар өзлериниң ата-бабаларының
Қудайы Жаратқан Ийеге қурбан-
лық бериў ушын, руўханийлер ме-
нен лебийлилерге ерип, Ерусалимге
келди. [17] Олар Яҳуда патшалығын
беккемледи ҳәм үш жыл даўамын-
да Даўыт пенен Сулайманның жо-
лы менен жүрип, Сулайманның
улы Рехабамды қоллап қуўатлады.

### Рехабамның хожалығы

[18] Рехабам Даўыттың улы Ери-
моттың қызы Махалатқа үйленди.
Оның анасы Ишайдың улы Элиаб-
тың қызы Абиҳайыл еди. [19] Маха-
лат Рехабамға Еуш, Шемария ҳәм
Заҳам деген улларды туўып берди.
[20] Махалаттан соң Рехабам Аб-
шаломның қызы Маахаға үйленди.
Ол Рехабамға Абия, Аттай, Зиза
ҳәм Шеломитти туўып берди. [21] Ре-
хабам басқа ҳаяллары ҳәм тоқал-
ларына қарағанда, Абшаломның
қызы Мааханы көбирек жақсы көр-
ди. Рехабамның он сегиз ҳаялы ҳәм
алпыс тоқалы болып, олардан жи-
гирма сегиз ул ҳәм алпыс қызы бар
еди. [22] Рехабам Маахадан туўылған
улы Абияны өз тахтының мийрас-
хоры қылмақшы болып, басқа ту-
ўысқанларына басшы етип қойды.
[23] Рехабам ақыллылық пенен ис
тутып, басқа улларының ҳәммесин
Яҳуда менен Бенямин жерлеринде-
ги қорғанлы қалаларға бөлип жи-
берди. Оларды керек-жарағы менен
молдан тәмийинлеп, бир қанша ҳа-
яллар алып берди.

### Шишақтың Яҳудаға ҳүжим жасаўы

**12** [1] Рехабам өз ҳүкимдарлы-
ғын беккемлеп, күшке тол-
ғаннан кейин, оның өзи де, пүткил
Израил халқы да Жаратқан Ийе-
ниң Нызамынан жүз бурды. [2] Олар
Жаратқан Ийеге қыянет етти.
Сонлықтан Рехабамның патша-
лығының бесинши жылында Мы-
сыр патшасы Шишақ Ерусалимге
ҳүжим жасады. [3] Шишақ өзи ме-
нен бирге Мысырдан бир мың
еки жүз саўаш арбасын, алпыс
мың атлы әскерди, сондай-ақ ли-
виялы, суклы ҳәм хабашстанлы
сан-санақсыз ләшкерлерди алып
келди. [4] Шишақ Яҳуданың қорған-
лы қалаларын басып алып, Еруса-
лимге дейин жақынласты. [5] Сонда
Шишақтан қорқып, Ерусалимге
жыйналған Рехабамға ҳәм Яҳуда
басшыларына пайғамбар Шемая
келип, былай деди:
– Жаратқан Ийе былай дейди:
«Сизлер Мени тәрк еттиңиз, енди
Мен де сизлерди тәрк етип, Ши-
шақтың қолына тапсыраман».
[6] Израил басшылары ҳәм патша
өз айыпларын тән алып:
– Жаратқан Ийе әдил, – деди.
[7] Жаратқан Ийе олардың айыпла-
рын тән алғанын көргенде, Шемая-
ға Оннан мынадай сөз түсти: «Олар
гүналарын мойынлады. Сонлықтан
Мен оларды қырып тасламайман,
қутқарылыўы ушын аз-маз жәрдем
беремен. Ерусалимге деген ғәзебим
Шишақ арқалы төгилмейди. [8] Би-
рақ оларды Шишаққа бағынышлы

қыламан. Сонда олар Маған хыз-
мет етиў менен басқа еллердиң пат-
шаларына хызмет етиў арасындағы
айырмашылықты билип алады».
[9] Мысыр патшасы Шишақ Еруса-
лимге бастырып келип, Жаратқан
Ийениң Үйиндеги ҳәм патша са-
райындағы ғәзийнелерди тартып
алып кетти. Ол ҳәмме нәрсени, Су-
лайман соқтырған алтын қалқан-
ларды да алды. [10] Патша Рехабам
олардың орнына қоладан қалқан-
лар ислетип, оларды патша сара-
йының кирер аўзын қорғайтуғын
сақшылардың басшыларына берди.
[11] Патша Жаратқан Ийениң Үйи-
не ҳәр барғанда, сақшылар пат-
шаның қасында бул қалқанларды
алып жүретуғын, соңынан және
сақшылардың бөлмесине апарып
қоятуғын еди.
[12] Рехабам гүнасын мойынлаған-
да, Жаратқан Ийе ғәзептен қай-
тып, Яҳуда халқын толық қырып
жибермеди. Яҳудада еле де жақсы
ислер бар еди.
[13] Патша Рехабам Ерусалимде
патшалығын беккемлеп, ҳүким-
дарлық қыла берди. Ол тахтта
отырғанда қырық бир жаста еди.
Рехабам Жаратқан Ийе Өз атын
орнатыў ушын Израилдың пүт-
кил урыўлары арасынан таңлап
алған қаласы Ерусалимде он жети
жыл патшалық қылды. Оның анасы
аммон халқынан болып, аты Наа-
ма еди. [14] Рехабам Жаратқан Ийеге
шын жүректен умтылмағаны се-
бепли, жаман ислерди ислеп турды.
[15] Рехабам ислеген ислер басынан
аяғына шекем Шемая пайғамбар-
дың жазыўларында ҳәм ўәлий
Иддоның шежиреге киргизилген
жазыўларында баян етилген. Ре-
хабам менен Яробам пүткил өмири
даўамында урысып келди. [16] Реха-
бам өлип, ата-бабаларына қосылды
ҳәм Даўыттың қаласына жерлен-
ди. Оның орнына улы Абия пат-
ша болды.

### Яҳуда патшасы Абия

**13** [1] Израил патшасы Яробам-
ның патшалығының он
сегизинши жылында Абия Яҳуда-
ға патша болды. [2] Ол Ерусалимде
үш жыл патшалық етти. Абияның
анасы гибалы Уриелдиң қызы Ми-
хая еди.
Абия менен Яробам ортасында
урыс болды. [3] Абия төрт жүз мың
ағла әскерди саўашқа баслады. Яро-
бам болса, сегиз жүз мың ағла ҳәм
мәрт әскерин оған қарсы сапқа
дизди. [4] Абия Эфрайымның таў-
лы үлкесиндеги Семарайым таўы-
на шығып, былай деди:
– Ҳәй, Яробам ҳәм пүткил Из-
раил, мени тыңлаңлар! [5] Израил-
дың Қудайы Жаратқан Ийениң
бузылмас бир келисим бойынша
Израилға патшалық қылыўды
мәңгиге Даўытқа ҳәм оның урпақ-
ларына бергенин билмейсиз бе?
[6] Бирақ Даўыт улы Сулайманның
хызметшиси Набат улы Яробам
өз мырзасына қарсы бас көтерди.
[7] Оның қасына оңбаған ҳәм жара-
мас адамлар жыйналып, Сулайман
улы Рехабамға қарсы шықты. Ре-
хабам сол ўақытта жас ҳәм тәжи-
рийбесиз болғанлықтан, оларға
қарсы тура алмады. [8] Енди болса,
Даўыттың урпағының қолында
болған Жаратқан Ийениң патша-
лығына қарсы турмақшысыз. Аўа,

сизлер көпшиликсиз! Бунының үс-
тине, қудайыңыз деп Яробам соқ-
тырып берген алтын таналар[a] да
жаныңызда! 9 Жаратқан Ийениң
руўханийлери болған Харонның
урпақларын ҳәм лебийлилерди
қуўып жиберген сизлер емес пе?
Олардың орнына басқа халық-
лардың дәстүрине сай, әпиўайы
адамлардан руўханийлерди қойып
алған жоқсыз ба? Аўа, тайынла-
ныў рәсимине бир буға ямаса жети
қошқар алып келген ҳәр бир адам
жалған қудайларға руўханий бо-
ла алады-дә! 10 Ал бизлерге келсек,
Жаратқан Ийе бизлердиң Қудайы-
мыз! Бизлер Оннан жүз бурмадық.
Жаратқан Ийеге хызмет етип атыр-
ған руўханийлер де Харон урпа-
ғынан болып, лебийлилер оларға
жәрдем бермекте. 11 Олар ҳәр күни
азанда ҳәм кеште Жаратқан Ийеге
жандырылатуғын қурбанлықлар
береди, хош ийисли түтеткилер тү-
тетеди, арнаўлы столға усынылған
нанлар қояды, ҳәр күни кеште ал-
тын шыра қойғыштағы шыралар-
ды жағады. Аўа, бизлер Қудайымыз
Жаратқан Ийениң тапсырмаларын
орынлап жүрмиз. Ал сизлер бол-
саңыз, Оны тәрк еттиңиз. 12 Қудай
бизлер менен бирге, Ол бизлердиң
жолбасшымыз. Оның руўханий-
лери кәрнайлар шалып, сизлерге
қарсы урысқа шақырады. Израил
урпақлары, ата-бабаларыңыздың
Қудайы Жаратқан Ийеге қарсы
урыспаңлар! Бәри бир жеңиске
ериспейсиз.

13 Сол арада Яробам әскерлериниң
бир бөлегин Яҳуда әскерлериниң
артқы тәрепине буққы қойыў ушын
жиберген еди. Әскерлердиң тий-
карғы бөлими Яҳуда әскерлериниң
алдында турды, ал буққыдағылар
артқы тәрепинде еди. 14 Яҳуда әс-
керлери әтирапқа қарап, өзлерине
алдыдан да арттан да ҳүжим жаса-
мақшы болып турғанларды көрген-
де, Жаратқан Ийеге жалбарынды.
Ал руўханийлер кәрнайларын шал-
ды. 15 Яҳуда әскерлери сүрен салып
бақырысты. Олар бақырысқанда,
Қудай Яробамды ҳәм израиллы-
ларды Абия менен Яҳуда алдында
қырғынға ушыратты. 16 Израиллы-
лар яҳудалылардың алдына түсип
қашты ҳәм Қудай оларды яҳуда-
лыларға тәслим етти. 17 Абия ҳәм
оның әскерлери израиллыларға
аўыр соққы берди. Израиллылар-
дың бес жүз мың ағла әскери қаза
тапты. 18 Солай етип израиллылар
жеңилиске ушырады. Ал яҳуда-
лылар ата-бабаларының Қудайы
Жаратқан Ийеге сүйенгени ушын
жеңиске ерисети. 19 Абия Яробамды
қуўып кетип, оған тийисли Бейт-
Эл, Ешана, Эфрон қалаларын ҳәм
олардың дөгерегиндеги аўылларды
қолға киргизди.

20 Яробам Абия дәўиринде өзи-
ниң бурынғы қүдиретин тиклей
алмады. Жаратқан Ийе оның жа-
нын алды ҳәм ол қайтыс болды.
21 Ал Абияның ҳүкимдарлығы кү-
шейе берди. Ол он төрт ҳаял алып,
олардан жигирма еки ул ҳәм он
алты қызлы болды. 22 Абияның
басқа ислери, ислеген ислери ҳәм
айтқанлары Иддо пайғамбардың
түсиндирме китабында жазылған.

---

a **13:8** 3Пат 12:26-30.

**14** 1 Абия өлип, ата-бабалары-
на қосылғанда, Даўыттың
қаласына жерленди. Оның орнына
улы Аса патша болды. Асаның дә-
ўиринде елде он жыл тынышлық
болды.

### Яҳуда патшасы Аса

2 Аса Қудайы Жаратқан Ийениң
нәзеринде жақсы ҳәм дурыс бол-
ған ислерди иследи. 3 Ол жат қу-
дайлардың қурбанлық орынлары
менен сыйыныў орынларын алып
таслап, кийели тасларды ҳәм кийели
ағашларды бузып таслады. 4 Ол яҳу-
дийлерге ата-бабаларының Қудайы
Жаратқан Ийеге жүз бурып, Оның
нызам ҳәм буйрықларын орынлаў-
ды буйырды. 5 Ол Яҳуданың барлық
қалаларындағы сыйыныў орын-
ларын ҳәм түтетки түтетилетуғын
орынларды алып таслады. Оның дә-
ўиринде патшалық парахатшылық-
та жасады. 6 Елде тынышлық ҳүким
сүрген ўақытта, Аса Яҳудада қорған-
лы қалалар қурды. Сол жыллары
оның менен ҳеш ким урыспады, се-
беби Жаратқан Ийе оған тынышлық
сыйлаған еди. 7 Аса Яҳуда халқына
былай деген еди: «Мына қалаларды
салып, әтирапын дийўаллар менен
қоршайық. Оларға минаралар ҳәм
тәмбиленетуғын дәрўазалар қурып,
қалаларды беккемлейик. Бизлер
Қудайымыз Жаратқан Ийеге жүз
бурғанымыз ушын, бул ел еле биз-
лердики. Аўа, бизлер Оған жүз бур-
дық ҳәм Ол бизлерге ҳәр тәреплеме
тынышлық сыйлады».

Солай етип, олар қурылысты бас-
лап, табыслы тамамлады.

8 Асаның Яҳуда урыўынан үл-
кен қалқан ҳәм найза менен
қуралланған үш жүз әскери, ал Бен-
ямин урыўынан кишкене қалқан
ҳәм оқ жай менен қуралланған еки
жүз сексен әскери бар еди. Олардың
ҳәммеси мәрт жаўынгерлер еди.

9 Хабашстанлы Зерах миллионла-
ған әскери ҳәм үш жүз саўаш арба-
сы менен Яҳудаға атланып, Мареша
қаласына жетип келди. 10 Аса оған
қарсы атланды. Олар Марешаға жа-
қын жердеги Сефата ойпатлығын-
да урысыў ушын сап тартып турды.
11 Аса өз Қудайы Жаратқан Ийеге:

– Жаратқан Ийе! Күшлиниң ал-
дында турған күшсизге Сеннен бас-
қа ҳеш ким жәрдем бере алмайды.
Қудайымыз Жаратқан Ийе, биз-
лерге жәрдем бере гөр! Себеби биз-
лер Саған сүйенемиз ҳәм Сениң
атың менен мына сансыз ләшкерге
қарсы шығып турмыз. Жаратқан
Ийе, Сен бизлердиң Қудайымыз-
саң, инсан затының Өзиңди жеңи-
ўине жол қойма! – деп жалбарынды.

12 Сонда Жаратқан Ийе Аса
менен яҳудалылардың алдын-
да хабашстанлыларды қырғынға
ушыратып, хабашстанлылар қа-
ша баслады. 13 Аса болса өз әскер-
лери менен оларды Герарға дейин
қуўып барды. Хабашстанлылар-
дан қаза тапқанлар соншелли көп
болып, бирде биреўи аман қалма-
ды. Олар Жаратқан Ийениң ҳәм
Оның ордасының алдында қырып
тасланды. Яҳуда әскерлери көп ол-
жа менен қайтты. 14 Герар әтира-
пындағы қалаларда жасайтуғын
халық Жаратқан Ийеден қорқып
қалған еди. Яҳудалылар оларға да
шабыўыл жасап, қырғынға ушы-
ратты ҳәм талан-тараж етип, мол
олжа алып қайтты. 15 Яҳудалылар

шопанлардың шатырларына да ша-
быўыл жасап, олардың көп қой-
ешки ҳәм түйелерин айдап кетти.
Кейин олар Ерусалимге қайтып
келди.

### Патша Асаның жеңилликлери

15 1 Одед улы Азарияның үсти-
не Қудайдың Рууҳы түсти.
2 Сонда Азария патша Аса менен
ушырасыў ушын жолға шықты ҳәм
оған барып былай деди:
– Ҳәй, Аса, пүткил Яҳуда ҳәм Бен-
ямин халқы, маған қулақ салың-
лар! Сизлер Жаратқан Ийе менен
бирге болған дәўирде, Ол да сизлер
менен бирге болады. Егер Оны из-
лесеңиз, табасызлар. Ал егер Оны
тәрк етсеңиз, Ол да сизлерди тәрк
етеди. 3 Узақ ўақыт даўамында
Израил халқы ҳақыйқый Қудай-
дан, тәлим беретуғын рууҳаний-
ден ҳәм Оның Нызамынан алыста
жасады. 4 Бирақ қыйыншылыққа
ушырағанында олар Израилдың
Қудайы Жаратқан Ийеге бет бу-
рып, Оны изледи ҳәм Оны тапты.
5 Сол күнлери сапарға шығыў қә-
ўипли болып, ҳәмме еллердиң тур-
ғынлары ушын ғаўасатлы ўақытлар
еди. 6 Миллет миллетке, қала қала-
ға қарсы урысатуғын еди. Себеби
Қудай оларды ҳәр түрли апатшы-
лықларға ушыратып, албыратып
қойған еди. 7 Бирақ сизлер беккем
болыңлар! Түскинликке түспеңлер!
Өйткени мийнетиңиздиң жемисин
аласызлар.
8 Одед улы Азария пайғамбар-
дың бул пайғамбаршылық сөзле-
рин еситкенде, Аса жигерленди.
Ол пүткил Яҳуда менен Бенямин
жерлериндеги ҳәм Эфрайымның
таўлы үлкесиндеги өзи қолға кир-
гизген қалалардағы жеркенишли
бутларды алып таслады. Сондай-
ақ, Жаратқан Ийениң Үйиниң
айўанының алдына орнатылған
Жаратқан Ийениң қурбанлық ор-
нын қайта тикледи. 9 Буннан кейин,
Аса Яҳуда ҳәм Бенямин урыўы ме-
нен бирге олардың арасында жа-
сап атырған Эфрайым, Менашше
ҳәм Шимон урыўынан болғанлар-
ды топлады. Өйткени көп адамлар
Асаның Қудайы Жаратқан Ийе-
ниң оның менен бирге екенин кө-
рип, Израилды таслап, Яҳудаға
көшип келген еди. 10 Олар Асаның
ҳүкимдарлығының он бесинши
жылының үшинши айында Еру-
салимге жыйналды. 11 Сол күни
олар урыстан алып келген олжасы-
нан жети жүз бас ири мал ҳәм же-
ти мың бас майда малды Жаратқан
Ийеге арнап қурбанлыққа берди.
12 Халық ата-бабаларының Қудайы
Жаратқан Ийени шын жүректен,
жан-тәни менен излеў ушын кели-
сим дүзди. 13 Израилдың Қудайы
Жаратқан Ийени излемеген ҳәр
бир адам: жас болсын, ғарры бол-
сын, еркек болсын, ҳаял болсын
ҳәммеси өлтирилетуғын болды.
14 Олар бақырып, ҳәр түрли кәр-
найлар ҳаўазлары астында бәлент
даўыс пенен Жаратқан Ийеге ант
ишти. 15 Пүткил яҳудалылар берген
анты ушын қуўанышлы еди, себе-
би олар шын жүректен ант ишкен
еди. Олар ықласланып Жаратқан
Ийени излегени ушын, Оны тапты.
Жаратқан Ийе оларға ҳәр тәрепле-
ме тынышлық берди.
16 Кемпир апасы Мааха Аше-
раға арнап жеркенишли бир бут

соқтырғаны ушын, патша Аса
оннан ханбийкелик атағын тар-
тып алды. Аса бул жеркенишли
бутты шаўып таслап, майдалап,
Кидрон сайында жағып жибер-
ди. 17 Ол Израилдағы сыйыныў
орынларын жоқ қылмаса да, өмир
бойы Жаратқан Ийеге садық қал-
ды. 18 Аса әкесиниң ҳәм өзиниң ата-
ған нәрселерин: гүмисти, алтынды
ҳәм буйымларды Қудайдың Үйине
алып келди. 19 Асаның патшалығы-
ның отыз бесинши жылына дейин
елде урыс болмады.

### Асаның соңғы жыллары

16 1 Яҳуда патшасы Асаның ҳү-
кимдарлығының отыз ал-
тыншы жылында Израил патшасы
Бааша Яҳудаға қарсы шықты ҳәм
Асаның жерлерине ҳеш кимниң ки-
рип-шықпаўы ушын, Рама қаласы-
ның бекинисин күшейтти. 2 Сонда
Аса Жаратқан Ийениң Үйиндеги
ҳәм сарай қазнасындағы гүмис пе-
нен алтынды алды да, оларды
хызметшилери арқалы Дамаскте
жасайтуғын Арам патшасы Бен-
Ҳададқа жиберип, оған былай деди:
3 «Әкелеримиз арасында болғаны
сыяқлы, бизлердиң арамызда да
келисим болсын. Сизге гүмис ҳәм
алтын жиберип атырман. Израил
патшасы Бааша мениң жеримнен
кетиўи ушын, сиз оның менен дүз-
ген келисимиңизди бузсаңыз».

4 Бен-Ҳадад патша Асаның усы-
нысын қабыл етип, Израил қала-
ларына қарсы әскербасыларын
жиберди. Олар Ийийон, Дан, Абел-
Майым қалаларын, пүткил Нафта-
лий жериндеги барлық телеклери
бар қалаларды басып алды. 5 Бааша
буны еситкенде, Раманың бекини-
синиң қурылысын тоқтатып, исти
таслап кетти. 6 Патша Аса пүткил
яҳудалыларды шақыртты. Олар Ра-
маның бекинисин қурғанда, Бааша
қолланған тас ҳәм ағашларды Ра-
мадан тасып алып кетти ҳәм патша
Аса олардан Геба ҳәм Миспа қа-
лаларының бекинисин күшейтти.

7 Сол ўақытлары көзи ашық Ха-
наний Яҳуда патшасы Асаға келип,
былай деди:

– Сиз Қудайыңыз Жаратқан
Ийеге сүйенбей, Арам патшасы-
на сүйендиңиз. Сол себепли Арам
патшасының әскерлерин қолдан
шығардыңыз. 8 Есиңизге түсириң,
хабашстанлылар менен ливия-
лылар көп санлы саўаш арбала-
ры ҳәм атлылары менен үлкен бир
орда болып келмеп пе еди? Сонда
сиз Жаратқан Ийеге сүйенгени-
ңиз ушын, Ол оларды сизге тәслим
еткен еди. 9 Жаратқан Ийе Өзине
шын жүректен садық болғанлар-
ға күш-қуўат берип турыў ушын,
пүткил жер жүзине нәзер салып
турады. Сиз ақылсызларша ис тут-
тыңыз, сол себепли буннан былай
сизиң басыңыз урыстан шықпайды.

10 Аса көзи ашықтың бул сөзлери-
не ғәзепленди. Оның ғәзепленгени
соншелли, көзи ашықты зинданға
таслатты. Сол ўақытлары Аса хал-
қының айырымларына қысым көр-
сетип, езди.

11 Асаның барлық ислери басынан
аяғына шекем, Яҳуда ҳәм Израил
патшаларының жылнама китабын-
да жазылған. 12 Ҳүкимдарлығының
отыз тоғызыншы жылында, Аса
аяқ аўырыўына шалынды. Аўы-
рыўы асқынлап атырған болса да,

ол Жаратқан Ийеге жүз бурмай, тә-
ўиплерден үмит етти. 13 Аса өз ҳү-
кимдарлығының қырық биринши
жылы өлип, ата-бабаларына қо-
сылды. 14 Оны ҳәр түрли хош ийис-
ли затларға толтырылған табытқа
жатқарып, Даўыттың қаласында
өзи ушын ойдырған қәбирге қойды.
Оның ҳүрметине үлкен от жақты.

### Яҳуда патшасы Еҳошафат

17 1 Асаның орнына улы Еҳо-
шафат патша болды ҳәм Из-
раилға қарсы бекинисин күшейтти.
2 Ол Яҳуданың барлық қорғанлы
қалаларына әскерлерин орналас-
тырып, пүткил Яҳуда жеринде ҳәм
әкеси Аса Эфрайым урыўынан
басып алған қалаларға сақшылар
топарларын қойды. 3 Еҳошафат
бабасы Даўыттың дәслепки жүр-
ген жолларынан жүргени ушын,
Жаратқан Ийе оның менен бирге
болды. Ол Бааллларға сыйынбай,
4 әкеси Аса сыйынған Қудайға ум-
тылып, Оның буйрықларына бой-
сынды. Ал Израил халқы ислеген
дәстүрлерге ермеди. 5 Сонлықтан
Жаратқан Ийе Еҳошафаттың пат-
шалығын беккемледи. Пүткил
Яҳуда ели оған сыйлықлар алып
келип турды. Усылайынша патша
мол байлыққа ҳәм ҳүрметке ийе
болды. 6 Оның жүреги Жаратқан
Ийеге бағышланған еди. Ол Яҳу-
дадағы сыйыныў орынларын ҳәм
кийели ағашларды алып таслады.

7 Еҳошафат өз ҳүкимдарлығының
үшинши жылында өзиниң хызмет-
керлеринен Бен-Хайылды, Оба-
дияны, Зехарияны, Нетанелди ҳәм
Михаяны халыққа тәлим бериўи
ушын Яҳуда қалаларына жиберди.
8 Олар менен бирге лебийлилерден:
Шемая, Нетания, Зебадия, Асаҳел,
Шемирамот, Еҳонатан, Адония,
Тобия ҳәм Тоб-Адонияны, руў-
ханийлерден: Элишама ҳәм Ио-
рамды жиберди. 9 Жиберилгенлер
Жаратқан Ийениң Нызам кита-
бын жанына алып жүрип, Яҳуда-
да тәлим берди. Олар пүткил Яҳуда
қалаларын аралап, халыққа үйрет-
ти. 10 Яҳуда әтирапындағы бар-
лық үлкелердиң патшалықларына
Жаратқан Ийе қорқыў салғанлық-
тан, олардың ҳеш бири Еҳошафатқа
қарсы урыс ашпады. 11 Базы фи-
листлер саўға ҳәм салық сыпатын-
да Еҳошафатқа гүмис, ал араблар
майда мал сүриўин: жети мың же-
ти жүз қошқар ҳәм жети мың жети
жүз теке алып келди. 12 Еҳошафат
күшейип бара берди. Ол Яҳудада
қорғанлар ҳәм телеклери бар қа-
лалар қурғызып, 13 Яҳуда қалала-
рында көп муғдарда керек-жарақ
жыйнап қойды. Ал Ерусалимде тә-
жирийбели мәрт жаўынгерлери бар
еди. 14 Олардың әўладлары бойын-
ша дизими мынадай:

Яҳуда урыўында мыңбасылар бар
еди. Әскербасы Адна үш жүз мың
мәрт жаўынгерди басқарды.

15 Оннан кейинги әскербасы Еҳо-
ханан болып, ол еки жүз сексен
мың жаўынгерге басшылық етти.

16 Оннан кейинги әскербасы Зих-
рий улы Амасия болып, ол еки жүз
мың мәрт жаўынгерге басшылық ет-
ти. Амасия өз ерки менен Жаратқан
Ийеге хызмет етип атырған еди.

17 Бенямин урыўынан шыққан оқ
жай ҳәм қалқан менен қураллан-
ған еки жүз мың мәрт жаўынгерге
Эляда басшылық етти.

18 Оннан кейинги әскербасы Еҳо-
забад урысқа таяр, қуралланған
бир жүз сексен мың адамды бас-
қарды.
19 Бул жаўынгерлер патшаның
пүткил Яҳуда елиндеги бекинис-
ли қалаларына жайластырған әс-
керлеринен тысқары әскерлери
еди.

### Пайғамбар Миханың Ахабты ескертиўи

**18** 1 Яҳуда патшасы Еҳоша-
фат жүдә бай болып, атақ-
абырайы асып кетти. Ол Израил
патшасы Ахаб пенен қуда-тамыр
болды. 2 Арадан бир неше жыл өт-
кеннен соң, Еҳошафат Ахабты кө-
риў ушын Самарияға барды. Ахаб
Еҳошафаттың ҳәм оның менен
барғанлардың ҳүрметине көплеген
майда ҳәм ири малларды сойды
ҳәм Гиладтағы Рамот қаласына ҳү-
жим қылыўға көндирмекши бол-
ды. 3 Соңынан Израил патшасы
Ахаб Яҳуда патшасы Еҳошафаттан:
– Гиладтағы Рамотқа мениң ме-
нен бирге барасыз ба? – деп сорады.
Еҳошафат Ахабқа:
– Мени өзиңиздей, халқымды
халқыңыздай, көриң. Сиз бенен
бирге урысқа барамыз, – деп жу-
ўап берди. 4 Соңынан Еҳошафат:
– Дәслеп Жаратқан Ийениң не
дейтуғынын билип алайық, – деди.
5 Сонда Израил патшасы төрт
жүз пайғамбарды топлап, оларға:
– Гиладтағы Рамотқа қарсы уры-
сыў ушын барайық па ямаса бар-
майық па? – деп сорады.
Олар:
– Барың, Қудай қаланы сизге тәс-
лим етеди, – деп жуўап берди.
6 Бирақ Еҳошафат:
– Бул жерде булардан басқа
Жаратқан Ийениң пайғамбары
бар ма? Оннан да сорайық, – деди.
7 Израил патшасы Еҳошафатқа:
– Жаратқан Ийениң еркин сора-
ғандай, және бир пайғамбар бар.
Ол Имла улы Миха. Бирақ мен оны
жаман көремен. Себеби ол мен туў-
ралы ҳеш жақсы пайғамбаршылық
айтпайды, тек жаман пайғамбар-
шылық айтады, – деп жуўап берди.
Еҳошафат патшаға:
– Патша, булай демеңиз, – деди.
8 Сонда Израил патшасы бир хыз-
меткерди шақырып, оған:
– Имла улы Миханы тез алып
кел, – деп буйырды.
9 Израил патшасы Ахаб ҳәм Яҳу-
да патшасы Еҳошафат патшалық
кийимлерин кийип, Самарияның
дәрўазасының кирер аўзындағы
майданда, ҳәр бири өз тахтында
отырған еди. Барлық пайғамбарлар
олардың алдында пайғамбаршы-
лық етип атырған еди. 10 Кенаана
улы Седекия өзине темирден шақ-
лар ислеп:
– Жаратқан Ийе былай дейди:
«Арамлыларды қырып таўыспа-
ғанша, усы шақлар менен сүзе бе-
ресиз», – деди.
11 Басқа пайғамбарлардың ҳәм-
меси де:
– Гиладтағы Рамотқа ҳүжим етиң,
жеңиске ерисесиз. Себеби Жаратқан
Ийе оларды сизге тәслим етеди, –
деп, анық сол сөзди қайталады.
12 Миханы шақырыў ушын кет-
кен хызметкер оған барып:
– Мине, пайғамбарлардың ҳәм-
меси бир аўыздан патшаға жақсы
болжаўларды айтып атыр. Сизиң

сөзиңиз де олардики менен бирдей
болсын, сиз де жақсы болжаў ай-
тың, – деди.
13 Бирақ Миха оған:
– Тири Жаратқан Ийе ҳақы ант
ишемен: Қудайым маған не десе,
соны айтаман, – деп жуўап берди.
14 Миха патшаға келди. Патша
Михадан:
– Миха, бизлер Гиладтағы Рамот-
қа қарсы урысыў ушын барайық
па ямаса мен оннан бас тартайын
ба? – деп сорады.
Миха патшаға:
– Бара бериңлер, жеңесизлер, олар
сизлерге тәслим етиледи, – деп жу-
ўап берди.
15 Деген менен, патша Михаға:
– Жаратқан Ийениң аты менен
тек ҳақыйқатты айтыўың ушын,
саған неше мәрте ант ишкизиўим
керек? – деди.
16 Сонда Миха патшаға былай
деди:
– Маған пүткил израиллылар таў-
лар үстинде жайылып жүрген шо-
пансыз қойлар сыяқлы көринип
тур. Жаратқан Ийе маған: «Булар-
дың хожайыны жоқ, ҳәр бири аман-
есен үйине қайтсын», – деди.
17 Израил патшасы Еҳошафатқа:
– Буның мен туўралы жақсы емес,
ал тек жаман пайғамбаршылық
айтатуғынын сизге айтқан жоқ па
едим? – деди.
18 Миха патшаға былай деди:
– Онда Жаратқан Ийениң сөзин
тыңлаң. Мен Жаратқан Ийениң Өз
тахтында отырғанын, пүткил ас-
пан барлықларының Оның оң ҳәм
шеп тәрепинде турғанын көрдим.
19 Сонда Жаратқан Ийе: «Гиладта-
ғы Рамотқа барып, сол жерде өлиўи
ушын, Израил патшасы Ахабты
ким көндире алады?» – деп сора-
ды. Биреўи анаў, биреўи мынаў
деп турғанда, 20 бир руўх алды-
ға шықты да, Жаратқан Ийениң
алдында турып: «Мен көндире
аламан», – деди. Жаратқан Ийе он-
нан: «Қалай?» – деп сорады. 21 Сол
руўх: «Мен жалған руўхқа айла-
нып, Ахабтың барлық пайғамбар-
ларына жалған сөйлетемен», – деп
жуўап берди. Жаратқан Ийе оған:
«Сен оны көндирип, буны ислей-
сең. Барып, солай исле», – деди.
22 Мине, ҳәзир Жаратқан Ийе си-
зиң сол пайғамбарларыңыздың аў-
зына жалған руўхты салып қойды.
Өйткени Жаратқан Ийе сизге жа-
манлық ислеўге қарар етти.
23 Кенаана улы Седекия Михаға
жақынлап, оның бетине шапалақ
пенен урып жиберди де:
– Жаратқан Ийениң Руўхы се-
ниң менен сөйлесиў ушын, меннен
қайсы жол арқалы шығып кеткен
екен? – деди.
24 Миха оған:
– Буны сен жасырыныў ушын иш-
ки бөлмеге тығылған ўақтында кө-
ресең, – деди.
25 Сонда Израил патшасы бы-
лай деди:
– Миханы қала ҳәкими Амон ме-
нен патшаның улы Иоашқа қайтып
алып барыңлар. 26 Оларға мениң
мына сөзимди жеткизиң: «Мен
аман-есен қайтып келгенимше, бул
адамды қамақханаға қамап қой-
сын ҳәм нан менен суўдан басқа
ҳеш нәрсе бермесин».
27 Миха патшаға:
– Егер аман-есен қайтып келсеңиз,
онда Жаратқан Ийе мениң аўзым

арқалы сөйлемеген болады, – деди, соңынан халыққа:

– Ҳәммеңиз буны еситип қойыңлар, – деди.

### Ахабтың өлими

28 Израил патшасы Ахаб ҳәм Яҳуда патшасы Еҳошафат Гиладтағы Рамотқа ҳүжим жасаў ушын жолға шықты. 29 Израил патшасы Еҳошафатқа:

– Мен патшалық кийимлерин киймей, урысқа шығаман, ал сиз патшалық кийимлериңизди кийип шығың, – деди. Солай етип, Израил патшасы кийимлерин өзгертип, олар саўашқа шықты.

30 Арам патшасы өз саўаш арбаларының әскербасыларына:

– Кишкенеси менен де, үлкени менен де урысып отырмай, тек Израил патшасы менен урысқа кирисиң, – деп буйырды.

31 Саўаш арбаларының әскербасылары Еҳошафатты көргенде: «Израил патшасы усы болса керек», – деп ойлап, оған қарай бас салды. Еҳошафат бақырып жибергенде, Қудай Ийе оған жәрдемге келип, ҳүжим қылыўшыларды басқа жаққа бурып жиберди. 32 Өйткени саўаш арбаларының әскербасылары оның Израил патшасы емеслигин аңғарып, изге қайтты. 33 Бирақ бир адам тосаттан оқ жайын атып жиберип, Израил патшасын жарадар етти. Оқ саўыттың қосылған жеринен кирген еди. Патша арбакешине:

– Изге айланып, мени саўаш майданынан алып шық, мен жарақатландым, – деди. 34 Деген менен, сол күни ғыжлаған саўаш болып, Израил патшасы өзиниң саўаш арбасы менен тығылыста қалды ҳәм кешке шекем арамлыларға қарап турыўға мәжбүр болды. Кешке таман патша қаза тапты.

### Ўәлий Еҳудың Еҳошафатқа ескертиўи

19 1 Яҳуда патшасы Еҳошафат Ерусалимдеги сарайына аман-есен қайтып киятырғанда, 2 Хананий улы ўәлий Еҳу Еҳошафаттың алдынан шығып, оған былай деди:

– Залымларға жәрдем берип, Жаратқан Ийени жек көргенлерди сүйиўиң керек пе еди? Бул исиң ушын саған Жаратқан Ийениң ғәзеби төгилди. 3 Деген менен, сениң жақсы ислериң де бар. Сен елди кийели ағашлардан тазаладың ҳәм шын жүректен Қудайды изледиң.

### Еҳошафат киргизген жеңилликлер

4 Еҳошафат Ерусалимде жасады. Бирақ ол тез-тез Беер-Шебадан Эфрайымның таўлы үлкелерине дейин жасайтуғын халықты аралап, оларды ата-бабаларының Қудайы Жаратқан Ийеге жүз бурыўға шақырар еди. 5 Ол Яҳуда елиндеги барлық бекинисли қалаларға қазылар қойды. 6 Ол қазыларға: «Ислеген исиңизге дыққатлы болыңлар. Себеби сизлер адамлар атынан емес, ал Жаратқан Ийениң атынан ҳүким шығарасызлар. Жаратқан Ийе ҳүким исинде сизлер менен бирге болады. 7 Жаратқан Ийеден қорқың, итибарлы түрде ҳүким шығарың. Өйткени Қудайымыз Жаратқан Ийе наҳақлыққа, жағымпазлыққа

ҳәм параға көз жумып қарамай-
ды», – дейтуғын еди.
8 Еҳошафат Ерусалимде де айы-
рым лебийлилерди, руўханийлерди
ҳәм Израилдың әўлад басшыларын
Жаратқан Ийениң Нызамына байла-
ныслы шешимлерди қабыллаў ҳәм
даўларды шешиў ушын тайынла-
ды. Олар Ерусалимде жасады 9 Пат-
ша оларға мынадай буйрық берди:
«Сизлер өз ўазыйпаларыңызды
Жаратқан Ийеден қорққан ҳалда, са-
дықлық пенен шын жүректен орын-
лаңлар. 10 Өз қалаларында жасап
атырған туўысқанларыңыз: төгил-
ген қан туўралы болсын, Жаратқан
Ийениң Нызамына, буйрықларына,
қағыйдаларына ямаса қарарларына
байланыслы болсын, қандай да бир
даўа менен келсе, оларға Жаратқан
Ийеге қарсы гүна ислемеўди қатаң
ескертиң. Сонда гүнадан қалыс бо-
ласыз. Болмаса, сизге де, туўысқаны-
ңызға да Жаратқан Ийениң ғәзеби
төгиледи. 11 Жаратқан Ийениң Ны-
замына байланыслы ислерде бас
руўханий Амария, патшаға байла-
ныслы ислерде Яҳуданың урыўбасы-
сы Исмайыл улы Зебадия басшылық
етеди. Ал лебийлилер болса, бул ис-
лерди қадағалаўда сизлерге жәрдем
береди. Мәрт болып иске кирисиң,
Жаратқан Ийе жақсылық ислеўши-
лерге яр болсын!»

### Моаблылар менен аммонларға қарсы урыс

20 1 Арадан бираз ўақыт өт-
кеннен кейин, моаблар,
аммонлар ҳәм маон халқының бир
бөлеги Еҳошафатқа қарсы урыс
ашыў ушын жолға шықты. 2 Сонда
хабаршылар келип Еҳошафатқа:
– Эдомнан, Өли теңиздиң арғы
тәрепинен сизге урыс ашыў ушын
үлкен орда киятыр. Олар ҳәзир Ха-
сесон-Тамарға, яғный Эн-Гедий-
ге жетип қалды, – деп хабарлады.
3 Қорқып кеткен Еҳошафат
Жаратқан Ийениң еркин билиў-
ге қарар етти ҳәм пүткил Яҳуда
бойлап ораза тутыўды жәриялады.
4 Сонда Жаратқан Ийеден жәрдем
сораў ушын, Яҳуданың барлық қа-
лаларынан халық ағылып келип,
Ерусалимге жыйналды.
5 Еҳошафат Яҳуда ҳәм Ерусалим
жыйынында, Жаратқан Ийениң
Үйиниң жаңа ҳәўлиси алдында ту-
рып, 6 былай деп дуўа етти:
– Ата-бабаларымыздың Қудайы
Жаратқан Ийе! Көклердеги Қудай
Сен емесписең? Сен халықлардың
барлық патшалықларына бийлик
етесең. Күш ҳәм қудирет Сениң қо-
лыңда. Саған ҳеш ким де қарсы тура
алмайды. 7 Қудайымыз! Усы елдиң
бурынғы турғынларын Өз халқың
Израилдың алдынан қуўып шы-
ғып, елди Өз достың Ибрайымның
урпақларына мәңгиге берген Сен
емесписең? 8 Олар усы елде қоныс
басып, Сениң атыңа арнап Мухад-
дес мәкан қурды ҳәм былай деген
еди: 9 «Егер апат, яғный қылыштан
жазаланыў, иллет ямаса ашлық ба-
сымызға түссе, Өзиң бар болған усы
Үйдиң алдына, Сениң алдыңа келип,
қыйыншылық ишинде Саған жал-
барынамыз, Сен де бизлерди еси-
тип, қутқарасаң». 10 Мине, Аммон,
Моаб ҳәм таўлы Сеир жериниң тур-
ғынларының не ислеп атырғаны-
на қара! Израиллылар Мысырдан
шыққанда, Сен оларға сол халық-
лардың жерлерине кириўге рухсат

бермедиң. Сонлықтан оларды ай-
ланып өтип, оларды қырып жи-
бермеген еди. 11 Енди болса, бул
халықлардың бизге берип атырған
саўғасына қарап қой! Сен бизлер-
ге мүлик етип берген жерден олар
бизлерди қуўып шығарыўға киятыр.
12 О Қудайымыз, Сен оларды жаза-
лай гөр! Себеби бизлерде өзимизге
бастырып киятырған бул үлкен ор-
даға қарсылық қылатуғын күш жоқ.
Бизлер не қылыўды билмеймиз, би-
рақ көз тигип, Сеннен үмит етемиз.
13 Сол ўақытта пүткил Яҳуда ер-
кеклери нәрестелери, ҳаяллары ҳәм
балалары менен бирге Жаратқан
Ийениң алдында турған еди. 14 Сон-
да жыйын ортасында турған Яха-
зиелге Жаратқан Ийениң Руўхы
түсти. Асаф урпағынан шыққан
лебийли Яхазиел Маттанияның
қуўлығы, Еиелдиң шаўлығы, Беная-
ның ақлығы, Зехарияның улы еди.
15 Яхазиел тил қатып, былай деди:
– Ҳәй, пүткил Яҳуда менен Еру-
салим турғынлары ҳәм патша Еҳо-
шафат, тыңлаңлар! Жаратқан Ийе
сизлерге былай дейди: «Бул сан-са-
нақсыз ләшкерлерден қорқып, қә-
ўетерленбең. Бул урыс сизлердики
емес, Меники, яғный Қудайдики.
16 Ертең оларға қарсы төмен қа-
рай жүристи баслаң. Олар Сиске
баратуғын жол арқалы көterилип
киятыр. Сизлер оларды Еруел шө-
линиң алдындағы ойпатлықтың
ақырында ушыратасыз. 17 Бирақ
сизлер урыспайсыз. Тек барып, ор-
ныңызды ийелеп турып, Жаратқан
Ийениң қутқарыўын көресиз. Ҳәй,
Яҳуда ҳәм Ерусалим халқы! Қор-
қып, қәўетерленбең. Ертең олар-
ға ҳүжим қылың, Жаратқан Ийе
болған Мен сизлер менен бирге
боламан».
18 Еҳошафат басы жерге тийгенше
ийилип тәжим етти. Пүткил Яҳуда
ҳәм Ерусалим халқы да тәжим етип,
Жаратқан Ийеге сыйынды. 19 Қоҳат
ҳәм Қорах урпақларынан тараған ле-
бийлилер орынларынан турып, бә-
лент даўыс пенен Израилдың Қудайы
Жаратқан Ийеге алғыс-мақтаў айтты.
20 Еҳошафаттың ләшкерлери ер-
теңине азанда ерте турып, Теқоа
шөлине атланды. Олар жолға шы-
ғып баратырғанда Еҳошафат тоқ-
тап оларға:
– Ҳәй Яҳуда ҳәм Ерусалим тур-
ғынлары, мени тыңлаң! Қудайы-
ңыз Жаратқан Ийеге исениң, сонда
бийқәтер боласыз! Оның пайғам-
барларына исениң, сонда табысқа
ерисесиз, – деди.
21 Еҳошафат халық пенен кеңесип
болғаннан кейин, Жаратқан Ийеге
арнап қосық айтатуғын ҳәм Оның
мухаддес сән-саўлатын тәрийиплей-
туғын қосықшыларды тайынлады.
Олар әскерлердиң алдында жүрип:
«Жаратқан Ийени тәрийиплең,
Оның садықлығы мәңги даўам
етеди», –
деп қосық айтыўы керек еди.
22 Олар қосық ҳәм алғыс айтып
баслаған ўақытта-ақ, Жаратқан
Ийе Яҳудаға урыс ашыў ушын кел-
ген аммон, моаб халықларына ҳәм
таўлы Сеир жериниң турғынлары-
на дузақ қурды ҳәм олар қырылды.
23 Себеби аммон ҳәм моаб халқы
қырып таслаў ушын, таўлы Сеир
жериниң турғынларына бас сал-
ды. Оларды қырып болғаннан ке-
йин болса, аммон ҳәм моаб халқы
бир-бирин қыра баслады.

24 Яҳуда халқы шөл даладағы гү-
зетши минарасына жетип, душ-
пан ордасына көз жибергенде, олар
тек жерде жатқан өли денелерди
көрди. Олардың биреўи де қашып
қутылмаған екен. 25 Еҳошафат өз
адамлары менен олардан қалған
нәрселерди олжалаў ушын кел-
генде, жүдә көп қурал-сайманлар,
кийим-кеншеклер ҳәм қымбатба-
ҳа нәрселерди тапты. Олар көтере
алғандайын алып кетти. Олжаның
көплиги соншелли, оны жыйнаўға
үш күн кетти. 26 Ал төртинши кү-
ни олар бир ойпатлыққа жыйна-
лып, Жаратқан Ийени алғыслады.
Сонлықтан ол жер бүгин де Бераха[a]
ойпатлығы деп аталады. 27 Кейин
пүткил Яҳуда ҳәм Ерусалим халқы
Еҳошафаттың басшылығында қу-
ўаныш пенен Ерусалимге қайтты.
Себеби Жаратқан Ийе оларды душ-
панларынан қутқарып, қуўанышқа
бөлеген еди. 28 Олар лира, арфа ҳәм
кәрнай намасы астында Ерусалимге
кирип, Жаратқан Ийениң Үйине бет
алды. 29 Израилдың душпанларына
қарсы Жаратқан Ийениң Өзиниң
урысқанын еситкенде, әтирафтағы
патшалар Қудайдан қорқып қал-
ды. 30 Еҳошафаттың патшалығын-
да тынышлық ҳүким сүрди. Оның
Қудайы оған ҳәр тәреплеме пара-
хатшылық сыйлаған еди.

### Еҳошафаттың патшалығының соңы

31 Солай етип, Еҳошафат Яҳудаға
патшалық етти. Ол отыз бес жасын-
да патша болып, Ерусалимде жигир-
ма бес жыл патшалық етти. Оның
анасының аты Азуба болып, ол
Шилхийдиң қызы еди. 32 Еҳошафат
әкеси Асаның жолынан жүрип, сол
жолдан шықпай, Жаратқан Ийениң
нәзеринде туўры болған ислерди ис-
леди. 33 Бирақ сыйыныў орынларын
жоқ қылмады. Сонлықтан халық еле
ата-бабаларының Қудайына толық
жүз бурмады. 34 Еҳошафаттың бас-
қа ислери бастан ақырына дейин,
Израил патшаларының жылнама
китабының бир бөлими болған Ха-
наний улы Еҳудың жылнама кита-
бында баян етилген.
35 Кейинирек Яҳуда патшасы Еҳо-
шафат жаман ислерге ҳәўес болған
Израил патшасы Ахазия менен ты-
нышлық келисимин дүзди. 36 Олар
Таршишке жибериў ушын кеме соқ-
тырыўға келисип алды. Кемелер
Эсион-Геберде соғылды. 37 Сонда
марешалы Додаўаҳу улы Элиезер
Еҳошафатқа қарсы пайғамбаршы-
лық етип:
– Сен Ахазия менен келисим дүз-
гениң ушын, Жаратқан Ийе сениң
исиңди жоқ қылады, – деди. Ке-
мелер апатқа ушырап, Таршишке
кете алмады.

## 21

1 Еҳошафат өлип, ата-ба-
баларына қосылды ҳәм
Даўыттың қаласына, ата-бабала-
рының жанына жерленди. Оның
орнына улы Еҳорам патша болды.

### Яҳуда патшасы Еҳорам

2 Еҳошафат улы Еҳорамның Аза-
рия, Ехиел, Зехария, Азарияҳу, Ми-
хаил, Шефатия атлы инилери бар
еди. Булардың ҳәммеси Израил

---

a **20:26** *Бераха* – «алғыслаў» дегенди билдиреди.

патшасы Еҳошафаттың уллары еди.
3 Әкеси Еҳошафат оларға мол гү-
мис, алтын ҳәм қымбатбаҳа нәр-
селерге қоса, Яҳудадағы қорған
қалаларды да сауға етти. Ал Еҳо-
рам туңғыш перзент болғанлықтан,
патшалықты оған берди. 4 Бирақ
Еҳорам әкесиниң тахтына отырып,
оны беккемлегеннен соң, барлық
инилерин ҳәм бир қатар Израил
басшыларын қылыштан өткизди.
5 Еҳорам патша болған ўақытта
отыз еки жаста еди. Ол Ерусалимде
сегиз жыл патшалық етти. 6 Оның
ҳаялы Ахабтың қызы болғанлық-
тан, ол да Ахабтың үй-иши сыяқлы
Израил патшаларының жолынан
жүрип, Жаратқан Ийениң нәзерин-
де жаўыз болған ислерди иследи.
7 Бирақ Жаратқан Ийе Даўыт пе-
нен дүзген келисими себепли, Да-
ўыттың үй-ишин жоқ қылмады.
Өйткени Ол Даўытқа ҳәм оның ур-
пағына мәңгиге сөнбейтуғын шы-
рақ бериўди ўәде еткен еди.[a]

8 Еҳорамның патшалығы дәўи-
ринде эдомлылар Яҳуда ҳүким-
дарлығына қарсы бас көтерип,
өзлерине патша қойып алды. 9 Еҳо-
рам әскербасылары ҳәм барлық
саўаш арбалары менен бирге сол
жерге кетти. Ол жерде эдомлылар
оны ҳәм оның саўаш арбалары-
ның сәрдарларын қоршап алды.
Бирақ Еҳорам түнде турып, қа-
малды жарып шықты. 10 Соннан
баслап усы күнге дейин эдомлы-
лар Яҳуданың ҳүкимдарлығына
бойсынбай келеди. Сол ўақытта
Либна қаласы да Еҳорамның ҳү-
кимдарлығына қарсы бас көтерди.
Себеби Еҳорам ата-бабаларының
Қудайы Жаратқан Ийени тәрк
еткен еди. 11 Сондай-ақ, Еҳорам
Яҳудадағы төбешикли жерлерге
сыйыныў орынларын қурып, Еру-
салим турғынларын Қудайға опа-
сызлық қылыўға жетеледи ҳәм
Яҳуда халқын жолдан азғырды.
12 Бир күни Еҳорамға пайғамбар
Илиястан хат келди. Онда былай
деп жазылған еди:

«Бабаң Даўыттың Қудайы
Жаратқан Ийе былай дейди: „Сен
әкең Еҳошафаттың ҳәм Яҳуда пат-
шасы Асаның жолынан жүрмедиң.
13 Керисинше, Израил патшалары-
ның жолынан жүрдиң ҳәм Ахабтың
үй-ишиниң ислегени киби, Яҳуда
ҳәм Ерусалим турғынларын опа-
сызлыққа басладың. Буның үсти-
не, бир әкеден туўылған, сеннен
жақсырақ болған өз инилериңди
өлтирдиң. 14 Сонлықтан Жаратқан
Ийе, яғный Мен сениң халқыңа, ҳа-
ялларыңа, балаларыңа ҳәм пүткил
мал-мүлкиңе уллы апат жиберемен.
15 Өзиңди болса аўыр ишек кесел-
лигине жолықтыраман. Ишекле-
риң сыртқа төгилгенше, аўырыў
күннен-күнге күшейе береди“».

16 Буннан кейин Жаратқан Ийе
филистлерди ҳәм хабаштанлы-
лардың жанында жасап атырған
арабларды Еҳорамға қарсы қозға-
ды. 17 Олар Яҳудаға шабыўыл жа-
сап, ишкериге бастырып кирди ҳәм
патшаның сарайынан тапқан ҳәмме
байлықларды, сондай-ақ патшаның
балалары менен ҳаялларын алып
кетти. Тек Еҳорамның Еҳоахаз ат-
лы генже улы ғана өзинде қалды.

---

a **21:7** 3Пат 11:36.

18 Бул ўақыялардан кейин,
Жаратқан Ийе Еҳорамды даўасы
жоқ ишек кеселлигине дуўшар етти.
19 Ўақыт өте берди, арадан еки жыл
өткенде, кеселлик себепли оның
ишеклери сыртқа атылып шықты.
Ол қатты қыйналып жан тапсыр-
ды. Еҳорамның ата-бабалары өл-
генде, халық олардың ҳүрметине
от жағыў рәсимин өткерген еди, ал
Еҳорамның ҳүрметине от жағыл-
мады. 20 Еҳорам тахтқа отырғанда
отыз еки жаста болып, Ерусалим-
де сегиз жыл патшалық етти. Ол
ушын ҳеш ким жоқлаў айтып жы-
ламады. Ол Даўыттың қаласына
жерленген болса да, патшалар қә-
бирине қойылмады.

### Яҳуда патшасы Ахазия

**22** 1 Ерусалим турғынлары
Еҳорамның орнына оның
ең генже улы Ахазияны патша
етип қойды. Себеби араблар ме-
нен бирге әскерий ордаға шабыўыл
жасаған басқыншылар патшаның
Ахазиядан үлкен улларының ҳәм-
месин өлтирген еди. Усылайынша,
Еҳорам улы Ахазия Яҳуда үсти-
нен патшалық ете баслады. 2 Аха-
зия жигирма еки* жасында патша
болып, Ерусалимде бир жыл пат-
шалық етти. Оның анасы Израил
патшасы Омрийдиң ақлығы болып,
аты Аталия еди. 3 Ахазия Ахабтың
урпағының жолынан жүрди. Себе-
би анасы оған мәсләҳәт берип, жа-
ман servislerди ислеўге түртки салып
отырды. 4 Ахазия Ахабтың урпағы
сыяқлы Жаратқан Ийениң нәзе-
ринде жаўыз болған servislerди исле-
ди. Әкеси Еҳорам өлгеннен кейин,
Ахабтың урпақлары оған кеңесши
болып, оны қулаўға алып келди.
5 Ахазия олардың мәсләҳәтине қу-
лақ салып, Израил патшасы Ахаб
улы Иорамға ерип, Арам патшасы
Хазаел менен урысыў ушын Гилад-
тағы Рамотқа кетти. Арамлылар
Иорамды жарадар етти. 6 Патша
Иорам Рамада, Арам патшасы Ха-
заел менен урысқанда, арамлы-
лардан алған жарақатын емлетиў
ушын Изреелге қайтты. Яҳуда пат-
шасы Еҳорам улы Ахазия да жа-
радар болған Ахаб улы Иорамды
көриў ушын Изреелге келди.
7 Бирақ Қудай Ахазияны Иорам-
ды көриўге келгенде өлтириўди ше-
шип қойған еди. Ахазия келгеннен
кейин, Иорам менен бирге Ним-
шийдиң улы Еҳуды қарсы алыўға
шықты. Жаратқан Ийе Еҳуды май-
лап, Ахабтың үй-ишин жоқ қылыў
ушын таңлаған еди. 8 Еҳу Ахабтың
үй-иши үстинен шығарылған ҳүким-
ди орынлап атырғанда, Ахазияға
хызмет етип атырған Яҳуда басшы-
лары менен Ахазияның әжағалары-
ның улларына дус келди ҳәм оларды
да өлтирди. 9 Кейин ол Ахазияны из-
лей баслады. Еҳудың адамлары Аха-
зияны Самариядағы жасырынған
жеринен тапты ҳәм оны Еҳуға алып
келип, сол жерде өлтирди. Кейин:
«Бул өзин шын жүректен Жаратқан
Ийеге бағышлаған Еҳошафаттың
улы ғой!» – деп, оны жерледи. Солай
етип, Ахазияның үй-ишинен патша-
лық қылғандай ҳеш ким қалмады.

### Аталияның патшалыққа отырыўы

10 Ахазияның анасы Аталия
улының өлтирилгенин еситкен-
де, Яҳудадағы патша тұқымынан

болғанлардың ҳәммесин қырып
таслаўды шешти. 11 Бирақ патша
Еҳорамның қызы Еҳошабат Аха-
зияның улы Иоашты патшаның
өлтирилиўи керек болған уллары-
ның арасынан алып қашып, тәр-
бияшысы менен бирге жататуғын
бөлмеге жасырып таслады. Усы-
лайынша, патша Еҳорамның қы-
зы, руўханий Еҳояданың ҳаялы,
Ахазияның өгей қарындасы бол-
ған Еҳошабат баланы Аталиядан
жасырды. Солай етип, Аталия ба-
ланы өлтире алмады. 12 Аталия ел
үстинен патшалық етип турғанда,
бала Қудайдың Үйинде олар менен
алты жыл жасырын түрде жасады.

### Аталияға қарсы бас көтериў

23 1 Аталияның ҳүкимдар-
лығының жетинши жы-
лы руўханий Еҳояда күшке толып,
жүзбасылар: Ерохам улы Азария,
Еҳоханан улы Исмайыл, Обид улы
Азария, Адая улы Маасея ҳәм Зих-
рий улы Элишафат пенен келисим
дүзди. 2 Олар Яҳуданы аралап шы-
ғып, лебийлилер менен Израил
әўладларының басшыларын жый-
нады ҳәм Ерусалимге алып кел-
ди. 3 Солай етип пүткил жәмийет
Қудайдың Үйинде патша менен ке-
лисим дүзди. Еҳояда оларға былай
деди:

– Жаратқан Ийениң Даўыттың
урпақларына берген ўәдесине му-
ўапық, патшаның улы патшалық
қылыўы керек. 4 Енди сизлер бы-
лай ислейсизлер: Шаббат күни
хызметке келетуғын руўханийлер
менен лебийлилердиң үштен бири
дәрўазаларды қараўылласын. 5 Үш-
тен бири патшаның сарайын, ал
қалған үштен бири Тийкар дәрўа-
засын қорғасын. Басқа адамлардың
ҳәммеси Жаратқан Ийениң Үйиниң
ҳәўлисине жыйналсын. 6 Руўха-
нийлер менен хызметтеги лебий-
лилерден басқа ҳеш ким Жаратқан
Ийениң Үйине кирмесин. Олар му-
қаддес болғанлығы себепли, ол
жерге кире алады. Басқа адам-
лардың ҳәммеси Жаратқан Ийе-
ниң тапсырмасы бойынша сыртта
қалсын. 7 Лебийлилер қуралларын
қолға алып, патшаны қоршап тур-
сын. Үйге кирген ҳәр бир адам өл-
тирилсин. Патша ишке киргенде
де, шыққанда да оның жанында
болыңлар.

8 Лебийлилер ҳәм пүткил Яҳуда
халқы руўханий Еҳояданың ҳәм-
ме буйрықларын орынлады. Ҳәр
бир жүзбасы Шаббат күни хыз-
метке түсетуғын ҳәм хызметтен
шығатуғын өзиниң қол астында-
ғы адамларын алып қалды. Себеби
руўханий Еҳояда топарлардың ҳеш
бириниң кетиўине рухсат бермеген
еди. 9 Руўханий Еҳояда Қудайдың
Үйиндеги патша Даўыттан қалған
найзаларды, кишкене ҳәм үлкен
қалқанларды жүзбасыларға тарат-
ты. 10 Патшаны қорғаў ушын Үйдиң
қубласынан арқасына дейин, қур-
банлық орынның ҳәм Үйдиң әти-
рапына қураллы сақшылар қойды.
11 Еҳояда ҳәм оның уллары патша-
ның улы Иоашты сыртқа алып шы-
ғып, басына таж кийгизди, қолына
патшалық нызамларын берип, оны
патша деп жәриялады. Оны майлап,
патша етип қойды, кейин: «Жаса-
сын патша!» – деп қышқырды.

12 Аталия жүўырысқан ҳәм
патшаны алғыслап бақырысқан

халықтың шаўқымын еситип,
Жаратқан Ийениң Үйиндеги жый-
налған халықтың жанына келди.
13 Қараса, патша Үйдиң киребери-
синдеги өрениң жанында, ал әскер-
басылар ҳәм кәрнайшылар оның
әтирапында турған екен. Ал пүткил
үлке халқы болса, қуўаныш пенен
кәрнай шалып, қосықшылар болса
саз әсбапларына қосылып алғыс-
мақтаў қосықларын айтып турған
екен. Сонда Аталия кийимлерин
жыртып: «Қыянет, қыянет!» – деп
бақырды.
14 Руўханий Еҳояда Аталияның
Жаратқан Ийениң Үйинде өлтири-
лиўин қәлемегенликтен, әскерлерге
жуўапкер жүзбасыларды жиберип
атырып, оларға былай деди:
– Оны бул жерден сыртқа алып
шығыңлар ҳәм оған ерген ҳәр бир
адамды қылыштан өткизиңлер, –
деди.
15 Әскерлер Аталияны тутып ал-
ды ҳәм сарайдың Ат дәрўазасына
әкелип, сол жерде өлтирди.

### Руўханий Еҳояда киргизген өзгерислер

16 Халықтың Жаратқан Ийе-
ниң халқы болыўы ушын, Еҳоя-
да өзи, пүткил халық ҳәм патша
арасында келисим дүзди. 17 Со-
ңынан пүткил халық Баалдың
бутханасына барып, оны қыйрат-
ты. Ондағы қурбанлық орынды
ҳәм мүсинлерди бузып таслады,
ал Баалдың руўханийи Маттан-
ды қурбанлық орынлардың ал-
дында өлтирди. 18 Кейин Еҳояда
Жаратқан Ийениң Үйиниң исле-
рин алып барыўды лебийли руўха-
нийлерге тапсырды. Оларға Даўыт
белгилеген Жаратқан Ийениң Үйи-
ниң хызметлерин орынлаў, Муўса-
ның Нызамында жазылғанларға
муўапық, Жаратқан Ийеге жанды-
рылатуғын қурбанлықлар усыныў
ҳәм Даўыттың буйрығына муўа-
пық, қуўанышлы түрде қосық
айтыў тапсырылды. 19 Қандай се-
беп пенен болса да, ҳарам болған
адамның Жаратқан Ийениң Үйи-
не кирип кетпеўи ушын, дәрўаза-
ға қараўыллар қойды. 20 Соңынан
Еҳояда жүзбасыларды, ақсүйек-
лерди, халық басшыларын ҳәм
пүткил үлке халқын ертип, пат-
шаны Жаратқан Ийениң Үйинен
алып шықты. Олар Жоқарғы дәр-
ўаза арқалы өтип, патшаны тахтқа
отырғызды. 21 Пүткил үлке халқы
шадлыққа бөленип, қала тыныш-
ланып қалды. Себеби Аталия қы-
лыш пенен өлтирилген еди.

### Яҳуда патшасы Иоаштың Ибадатхананы қайта қурыўы

24 1 Иоаш жети жасында
патша болып, Ерусалим-
де қырық жыл патшалық етти.
Оның анасы беер-шебалы болып,
аты Сибия еди. 2 Иоаш руўханий
Еҳояданың көзиниң тирисинде
Жаратқан Ийениң нәзеринде туў-
ры болған ислерди иследи. 3 Еҳо-
яда Иоашқа еки ҳаял алып берди.
Иоаш олардан ул-қызлар көрди.
4 Арадан бираз ўақыт өткеннен
кейин, Иоаш Жаратқан Ийениң
Үйин оңлаўға қарар қылды. 5 Ол
руўханийлер менен лебийлилер-
ди жыйнап, оларға:
– Яҳуда қалаларына барып, пүткил
Израил халқынан Қудайыңыздың
Үйин оңлаў ушын келип түсетуғын

жыллық салықты жыйнап келиң.
Бул исти тез орынлаң, – деди.
Бирақ лебийлилер асықпады.
6 Сонда патша бас руўханий Еҳо-
яданы шақыртып оған:
– Не ушын сиз лебийлилерди
Яҳудадан ҳәм Ерусалимнен салық
жыйнап келиўге жибермедиңиз?
Жаратқан Ийениң қулы Муўса ҳәм
Израил жәмийети бул салықты Ке-
лисим шатырының қәрежетлери
ушын белгилеп қойған-ғо, – деди.
7 Себеби залым ҳаял Аталияның
уллары Қудайдың Үйине бастырып
кирип, ҳәтте, ол жердеги мухаддес
нәрселерди де Бааллар ушын қол-
ланған еди.
8 Патшаның буйрығы бойынша
бир қуты исленип, қуты Жаратқан
Ийениң Үйиниң дәрўазасының
сыртына қойылды. 9 Қудайдың
қулы Муўсаның шөлде Израил
халқы ушын белгилеген салығын
Жаратқан Ийеге алып келиў Яҳу-
да ҳәм Ерусалим бойлап жәрия-
ланды. 10 Барлық ҳәмелдарлар ҳәм
пүткил халық салықты қуўанышл-
лы түрде алып келип, толғанша
қутыға таслады. 11 Лебийлилер қу-
тыны патшаның хызметшилерине
алып келетуғын еди. Олар қутының
толғанын көргенде, патшаның хат-
керине ҳәм бас руўханийдиң жәр-
демшисине хабар беретуғын еди.
Олар да келип, қутыны босатып,
кейин қайтадан орнына апарып
қоятуғын еди. Олар бәрқулла со-
лай исследи ҳәм көп пул жыйнады.
12 Патша ҳәм Еҳояда бул пуллар-
ды Жаратқан Ийениң Үйиниң ис-
лерин жүргизиў ушын қойылған
адамларға берди. Олар бул пуллар-
ға Жаратқан Ийениң Үйин қайта
тиклеў ушын тас кесиўшилерди ҳәм
ағаш усталарын, сондай-ақ Үйди оң-
лаў ушын темир ҳәм қолаға ислеў бе-
ретуғын жумысшыларды жаллады.
13 Жумысшылар ықлас пенен исле-
ди ҳәм ислер олардың қолында алға
илгериледи. Қудайдың Үйи дәслеп-
ки аўҳалына қайтып, беккемленди.
14 Олар ислерин тамамлап, қалған
пулларды патшаға ҳәм Еҳоядаға
алып келди. Бул пулларға Жаратқан
Ийениң Үйи ушын хызметте ҳәм
жандырылатуғын қурбанлықлар
бергенде қолланылатуғын буйым-
лар, тостағанлар, басқа алтын ҳәм гү-
мис буйымлар исленди. Еҳояданың
көзиниң тирисинде Жаратқан Ийе-
ниң Үйинде ҳәр күни жандырылату-
ғын қурбанлықлар берилип барды.
15 Еҳояда мазмунлы өмир сү-
рип, қартайып, бир жүз отыз жа-
сында дүньядан өтти. 16 Израилда
Қудай ҳәм Оның Үйи ушын ислеген
хызметлери есапқа алынып, оның
денеси Даўыттың қаласына патша-
лардың қасына қойылды.

### Иоаштың зулымлығы

17 Еҳояданың өлиминен соң, Яҳу-
да басшылары патшаға келип, оған
тәжим етти. Патша да оларға қулақ
салды. 18 Олар ата-бабаларының
Қудайы Жаратқан Ийениң Үйин
тәрк етип, кийели ағашларға ҳәм
бутларға табына баслады. Олардың
гүнасы себепли, Яҳуда ҳәм Еруса-
лимге Жаратқан Ийениң ғәзеби
келди. 19 Жаратқан Ийе халықты
Өзине қайтарыў ушын пайғамбар-
лар жиберген болса да, пайғам-
барлар оларға ескерткен болса да,
бәри бир халық пайғамбарларға
қулақ аспады.

20 Сонда Қудайдың Руўхы руўха-
ний Еҳояда улы Зехарияны бийлеп
алды. Зехария халықтың алдына
шығып, былай деди:
– Қудай былай дейди: «Неге буй-
рықларыма қарсы шығып атыр-
сызлар? Сизлер табысқа ерисе
алмайсызлар. Себеби сизлер Ме-
ни тәрк еттиңлер, Мен де сизлер-
ди тәрк еттим».
21 Бирақ Зехарияға қарсы тил би-
риктирилип, патшаның буйрығы
менен Жаратқан Ийениң Үйиниң
ҳәўлисинде ол тас боран қылып
өлтирилди. 22 Патша Иоаш Зеха-
рияның әкеси Еҳояда көрсеткен
жақсылықларды умытып, оның
улын өлтирди. Зехария жан бе-
рип атырып:
– Жаратқан Ийе бул ислериңизди
көрип, есесин қайтарсын! – деди.
23 Сол жылдың ақырында, Арам
ордасы Иоашқа ҳүжим жасады.
Олар Яҳуда ҳәм Ерусалимге кирип,
халықтың барлық басшыларын
өлтирди, ал алған олжаларының
ҳәммесин Дамаскке, өз патшасына
жиберди. 24 Арам ордасы көп сан-
лы болмаса да, Жаратқан Ийе өз-
леринен жүдә үлкен болған орданы
оларға тәслим етти. Өйткени Яҳуда
халқы өзлериниң ата-бабаларының
Қудайы Жаратқан Ийени тәрк еткен
еди. Солай етип, Иоаш өз жазасын
алды. 25 Арам әскерлери Иоашты
аўыр жараланған ҳалда таслап кет-
ти. Сонда Иоаштың хызметкерлери
руўханий Еҳояданың улының қаны
ушын өш алмақшы болып тил би-
риктирди ҳәм Иоашты өз төсегинде
өлтирди. Оны Даўыттың қаласына
жерледи, бирақ патшалардың қәби-
рине қоймады. 26 Иоашқа қарсы тил
бириктиргенлер: аммон халқынан
Шимеат деген ҳаялдың улы Забад
ҳәм моаблы Шимрит деген ҳаял-
дың улы Еҳозабад еди. 27 Иоаштың
уллары ҳаққында мағлыўмат, Ио-
ашқа қарсы айтылған көп санлы
пайғамбаршылықлар ҳәм Қудай-
дың Үйиниң оңланыўы ҳаққындағы
мағлыўматлар Патшалар китабында
жазылған. Иоаштың орнына оның
улы Амасия патша болды.

### Яҳуда патшасы Амасия

**25** 1 Амасия патша болған-
да, жигирма бес жасында
еди, ол Ерусалимде жигирма тоғыз
жыл патшалық етти. Оның анасы
ерусалимли болып, аты Еҳоаддан
еди. 2 Амасия Жаратқан Ийениң
нәзеринде туўры болған ислерди
ислесе де, оларды шын жүректен
ислемеди. 3 Амасия өзиниң патша-
лық бийлигин беккемлеп алғаннан
соң, әкеси Иоаш патшаны өлтир-
ген хызметшилерди өлтирди. 4 Би-
рақ Муўсаның Нызам китабында
жазылғанына сай ис тутып, олар-
дың балаларын өлтирмеди. Он-
да Жаратқан Ийе: «Балаларының
гүнасы ушын әкелер, әкелериниң
гүнасы ушын балалар өлтирилме-
син. Ҳәр бир адам өз гүнасы ушын
өлтирилсин»,[а] – деп буйырған еди.
5 Амасия Яҳуда халқын топлап,
пүткил яҳудалылар менен бен-
яминлилерге әўладлары бойын-
ша мыңбасылар ҳәм жүзбасылар
қойды. Кейин жигирма ҳәм оннан
жоқары жастағыларды санақтан

---

а **25:4** Нзм 24:16.

өткерип, әскерий хызметке жарамлы ҳәм найза менен үлкен қалқанды ислете алатуғын үш жүз мың ағла әскердиң бар екенин билди.
6 Булардан тысқары, жүз талант гүмиске Израилдан жүз мың баҳадыр жаўынгерди жаллап алды.
7 Сол арада Қудайдың бир адамы Амасияға келип былай деди:

– Тақсыр! Израил әскерлери сиз бенен бирге бармасын, себеби Жаратқан Ийе израиллылар, яғный пүткил эфрайымлылар менен бирге
емес. 8 Жақсысы, өзиңиз барып, иске кирисиң ҳәм мәртлерше урысың. Болмаса, Қудай сизди жеңилиске ушыратады. Өйткени Қудайдың қоллап қуўатлаўға да, жеңилиске ушыратыўға да күши жетеди.
9 Амасия Қудайдың адамынан:

– Онда Израил әскерлери ушын төленген жүз талант не болады? – деп сорады. Қудайдың адамы оған:

– Жаратқан Ийе сизге оннан да көбирегин бериўи мүмкин, – деп жуўап берди.
10 Сонда Амасия Эфрайымнан келген әскерлерди үйлерине қайтарып жиберди. Олардың Яҳуда халқына деген ғәзеби лаўлады ҳәм ғәзепке толыўы менен үйлерине қайтып кетти.
11 Амасия мәртлик етип, өз әскерлерин Дуз ойпатлығына алып барды ҳәм ол жерде Сеирдиң адамларынан он мыңын өлтирди.
12 Яҳуда әскерлери олардың және он мыңын тутқынға алып, оларды жартастың төбесине алып шықты ҳәм ол жерден төменге ийтерип жиберди. Олардың ҳәммеси бөлек-бөлек
болды. 13 Сол арада Амасия өзи менен урысқа барыўға рухсат бермей изине қайтарып жиберген әскерлер Самария менен Бейт-Хорон арлығындағы Яҳуда қалаларына ҳүжим қылды. Олар үш мың адамды өлтирип, көп олжа алып кетти.
14 Амасия эдомлыларды қырып қайтып келгенде, Сеир халқының бутларын өзи менен бирге алып келди. Ол бул бутларды өзине қудай етип қойды ҳәм оларға табынып, қурбанлықлар берди.
15 Сонда Амасияға Жаратқан Ийениң ғәзеби лаўлады ҳәм оған бир пайғамбарды жиберди. Пайғамбар патшаға:

– Өз халқын сениң қолыңнан қутқара алмаған сол халықтың қудайларына не ушын жүз бурдыңыз? – дей бергенде,
16 Амасия оның гәпин бөлип:

– Қашаннан бери сен патшаның мәсләҳәтшиси болып қалдың?! Үниңди өшир! Болмаса жаныңды аламан, – деди.

Пайғамбардың сөзи аўзында қалды, бирақ соңынан:

– Сиз усылай етип, мениң сөзлериме қулақ салмағаныңыз ушын, Қудайдың сизди жоқ қылыўды қарар еткенин билемен, – деди.
17 Яҳуда патшасы Амасия кеңесгөйлери менен мәсләҳәтлескеннен соң, Еҳудың ақлығы Еҳоахаздың улы Израил патшасы Еҳоашқа хабаршылар жиберип: «Кел, жекпе-жек алысайық», – деп шақырық таслады.
18 Израил патшасы Еҳоаш та Яҳуда патшасы Амасияға мынадай жуўап жиберди: «Лебанон таўларындағы шат тикен сол жердеги кедрге: „Қызыңды мениң улыма ҳаяллыққа бер“, – деп хабар жиберипти. Бирақ Лебанон таўларындағы бир жабайы ҳайўан сол

жерден өтип баратырып, шат ти-
кенди женшип кетипти. [19] Эдом-
лыларды жеңдим деп, мақтанып,
көкирегиң көтерилип кетипти.
Жақсысы, үйиңде отыр! Жәнжел
баслаўдың не кереги бар? Өзиң-
ниң де, Яҳуданың да басын бәлеге
қалдыражақсаң».

[20] Деген менен, Амасия қулақ
аспады. Бул Қудайдың иси еди.
Амасияның Эдомның қудайлары-
на табынғаны ушын, Қудай олар-
ды душпанның қолына бериўге
қарар қылған еди. [21] Израил пат-
шасы Еҳоаш Яҳуда патшасы Ама-
сияға қарсы жүрис қылып, олар
Яҳуданың Бейт-Шемеш қаласын-
да жүзбе-жүз келди. [22] Яҳудалылар
израиллылар тәрепинен қыйраты-
лып, үйлерине қарай қашты. [23] Из-
раил патшасы Еҳоаш Еҳоахаздың
ақлығы Иоаштың улы Яҳуда пат-
шасы Амасияны Бейт-Шемеште
тутқынға алып, оны Ерусалимге
алып келди. Еҳоаш Ерусалим дий-
ўалының Эфрайым дәрўазасынан
Мүйеш дәрўазасына шекемги төрт
жүз шығанақ аралығын қулатып
таслады. [24] Ол Қудайдың Үйиндеги
Обед-Эдомның жуўапкершилиги
астындағы ҳәмме алтын ҳәм гү-
мислерди, ҳәмме буйымларды, пат-
ша сарайындағы қазнаны, және де,
кепилге қойылатуғын тутқынлар-
ды алып, Самарияға қайтып кетти.

### Яҳуда патшасы Амасияның өлими

[25] Яҳуда патшасы Иоаш улы Ама-
сия Израил патшасы Еҳоахаз улы
Еҳоаштың өлиминен соң, он бес
жыл өмир сүрди. [26] Амасияның
басқа ислери, басынан ақырына
шекем Яҳуда ҳәм Израил патша-
ларының жылнама китабында
жазылған. [27] Амасия Жаратқан
Ийеден бас кешкен күннен бас-
лап, Ерусалимде оған қарсы тил
бириктириле баслады. Ол Лахишке
қашты. Бирақ тил бириктириўши-
лер Амасияның изинен Лахишке
адам жиберип, оны сол жерде өл-
тиртти. [28] Олар Амасияның дене-
син атқа артып, алып келди ҳәм ол
Даўыттың қаласына, ата-бабала-
рының жанына жерленди.

### Яҳуда патшасы Уззия

**26** [1] Буннан кейин, Яҳуданың
пүткил халқы он алты жа-
сар Уззияны[a] әкеси Амасияның ор-
нына патша етип қойды. [2] Әкеси
Амасияның өлиминен кейин, Элат
қаласын Яҳудаға қайтарып алып,
оны қайтадан қурған усы Уззия
еди. [3] Уззия он алты жасында тахт-
қа отырып, Ерусалимде елиў еки
жыл патшалық етти. Оның анасы
ерусалимли болып, аты Ехолия еди.
[4] Уззия да әкеси Амасияға уқсап,
Жаратқан Ийениң нәзеринде туў-
ры болған ислерди иследи. [5] Өзине
Қудайдан қорқыўды үйреткен Зе-
харияның көзиниң тирисинде Уз-
зия Қудайға умтылып жасады. Ол
Жаратқан Ийеге умтылып жасаға-
нында, Қудай оны табыслы қылды.
[6] Уззия филистлерге урыс ашып,
Гат, Ябне ҳәм Ашдод қалалары-
ның дийўалларын қулатты. Кейин
Ашдод жанына ҳәм филистлерге
қараслы басқа жерлерге қалалар

---

a **26:1** *Уззия* – оның басқа аты Азария.

қурды. 7 Филистлерге, Гур-Баалда
жасайтуғын арабларға ҳәм меуним-
лилерге қарсы урыста Қудай оған
жәрдем берди. 8 Аммонлар Уззия-
ға салық төлейтуғын болды. Оның
күшейгенлиги соншелли, даңқы
Мысыр шегараларына дейин жетти.

9 Уззия Ерусалимде Мүйеш дәрўа-
засының, Ойпатлық дәрўазасының
ҳәм дийўаллардың мүйешлериниң
үстине минаралар қурып, оларды
беккемледи. 10 Ол шөлге де ми-
наралар қурғызды, көплеген суў
сақлағышлар қаздырды. Себеби
оның батыстағы таў етеклеринде
ҳәм тегисликте бағылып атырған
маллары көп еди. Ал таўларда ҳәм
өнимдар жерлерде дийханлары ме-
нен жүзим өсириўши бағманлары
мийнет етти. Уззия дийханшылық-
ты сүйди.

11 Уззияның топарларға бөли-
нип, ҳәрдайым урысқа таяр тур-
ған ләшкерлери бар еди. Оларды
дизимге алып, топарларға бөлиў
исин патшаның ўәзирлеринен бири
Хананияның басшылығында хат-
кер Еиел ҳәм қадағалаўшы Маасея
алып барды. 12 Бул мәрт жаўынгер-
лерге жетекшилик ететуғын әў-
лад басшыларының улыўма саны
еки мың алты жүз еди. 13 Олардың
қол астында урысқа жарамлы үш
жүз жети мың бес жүз әскер бо-
лып, патшаға душпанларына қарсы
урысыўда жәрдем беретуғын үлкен
күш еди. 14 Уззия пүткил орданы
қалқан, найза, дуўлыға, саўыт, оқ
жай ҳәм сақпанның таслары менен
тәмийинледи. 15 Ол Ерусалимдеги
минаралар үстине ҳәм қала дийўа-
лының мүйешлерине өзиниң алым-
лары ойлап тапқан оқ ататуғын ҳәм
үлкен тасларды ылақтыратуғын
урыс қуралларын орнатты. Оның
даңқы алысларға жайылды. Ол
Қудайдан үлкен жәрдем алғанлық-
тан, қүдиретли патшаға айланды.

16 Деген менен, Уззияның қүди-
ретли болыўы, оның менменсип
қулаўына алып келди. Ол Қудайы
Жаратқан Ийеге деген садықлы-
ғын бузып, түтетки түтетилету-
ғын орында түтетки түтетиў ушын,
Жаратқан Ийениң Ибадатханасына
кирди. 17 Руўханий Азария менен
Жаратқан Ийениң сексен батыр
руўханийи патшаның изинен иш-
ке кирип, 18 патшаның жолын то-
сып, оған былай деди:

– Уззия, Жаратқан Ийеге арнап
түтетки түтетиўге ҳақыңыз жоқ!
Түтетки түтетиў – бул Харон ур-
пақларынан болған бағышланған
руўханийлердиң иси. Мухаддес мә-
каннан шығып кетиң! Сиз жынаят-
қа қол урдыңыз. Қудай Ийе де бул
исиңизди мақулламайды.

19 Түтетки түтетиў ушын, хош
ийисли затлар салынған табаны
қолына услап турған Уззия руўха-
нийлерге қатты ашыўланды. Сол
ўақытта-ақ, олардың көз алдында
Уззияның маңлайында жаман тери
кеселлигиниң дағы пайда болды.
Бул Жаратқан Ийениң Үйинде-
ги түтетки түтетилетуғын орын
жанында жүз берген еди. 20 Бас
руўханий Азария ҳәм барлық руў-
ханийлер патшаға қарағанда, оның
маңлайында жаман тери кеселли-
ги пайда болғанын көрди ҳәм оны
сыртқа шығарыўға асықты. Пат-
шаның өзи де Жаратқан Ийениң
жазасына жолыққанын түсинип,
ол жерден кетиўге асықты. 21 Ол

бир өмир жаман тери кеселлиги-
нен қутыла алмады. Сонлықтан
ол Жаратқан Ийениң Үйине кире
алмай, бөлек бир үйде жасады. Са-
райды ҳәм үлке халқын оның улы
Иотам басқарды. 22 Уззияның басқа
ислерин басынан ақырына дейин,
Амос улы пайғамбар Ийшая жазып
қалдырған. 23 Уззия өлип, ата-ба-
баларына қосылғанда, жаман те-
ри кеселлиги менен аўырғанлығы
себепли, патшалар қойылатуғын
қәбирге емес, ал оның қасындағы
атызға жерленди. Оның орнына
улы Иотам патша болды.

### Яҳуда патшасы Иотам

27 1 Иотам жигирма бес жа-
сында патша болды ҳәм
Ерусалимде он алты жыл патша-
лық етти. Оның анасының аты
Еруша болып, ол Садоқ деген
адамның қызы еди. 2 Иотам да
әкеси Уззияға уқсап, Жаратқан
Ийениң нәзеринде туўры болған
ислерди иследи. Оның әкесинен
айырмашылығы, ол Жаратқан
Ийениң Ибадатханасына басты-
рып кирмеди. Деген менен, халық
жаўызлықларын даўам ете берди.
3 Иотам Жаратқан Ийениң Үйи-
ниң жоқарғы дәрўазасын салдыр-
ды ҳәм қала диийўалының Офел
төбешигиндеги бөлегин оңлап,
үлкен жумыслар иследи. 4 Буннан
тысқары, патша Яҳуданың таўлы
үлкесине бир қанша қалалар қур-
дырды, тоғайлықларға қорған-
лар менен минаралар салдырды.
5 Ол аммонлардың патшасы ме-
нен урысып, жеңиске еристи. Сол
жылы аммонлар Иотамға салық
ретинде жүз талант гүмис, он мың
кор бийдай ҳәм он мың кор ар-
па төледи. Екинши, үшинши жы-
лы да олар солай иследи. 6 Иотам
Қудайы Жаратқан Ийеге бойсы-
нып жасағаны ушын, қүдиретли
патшаға айланды.
7 Иотамның басқа ислери, жүр-
гизген барлық урыслары ҳәм басқа
ис-ҳәрекетлери Израил ҳәм Яҳуда
патшаларының жылнама китабын-
да жазылған. 8 Иотам жигирма бес
жасында патша болды ҳәм Еруса-
лимде он алты жыл патшалық ет-
ти. 9 Иотам өлип, ата-бабаларына
қосылды ҳәм Даўыттың қаласына
жерленди. Оның орнына улы Ахаз
патша болды.

### Яҳуда патшасы Ахаз

28 1 Ахаз жигирма жасында
патша болып, Ерусалимде
он алты жыл патшалық етти. Ол ба-
басы Даўытқа уқсамады, Жаратқан
Ийениң нәзеринде туўры болған ис-
лерди ислемеди. 2 Ахаз Израил пат-
шаларының жолынан жүрди. Ҳәтте,
Бааллларға табыныў ушын қуйма
бут мүсинлерин ислетти. 3 Ол Бен-
Ҳинном ойпатлығында қурбанлық-
лар жандырды, ҳәтте, Жаратқан
Ийе Израил халқының алдынан қу-
ўып жиберген миллетлердиң жер-
кенишли дәстүрлерине еликлеп, өз
улын отқа жағып қурбан етти. 4 Ол
сыйыныў орынларында, төбешик-
лерде ҳәм ҳәр бир қойыў жапырақ-
лы теректиң астында қурбанлықлар
берип, түтеткилер түтетти.
5 Сол себепли Қудайы Жаратқан
Ийе Ахазды Арам патшасының
қолына берди. Арамлылар оны
жеңип, халқынан көп адамларды
тутқын етип, Дамаскке алып кетти.

Буннан тысқары, оны Израил
патшасының да қолына берди. Из-
раил патшасы Ахазды үлкен қыр-
ғынға ушыратты.
6 Израил патшасы
Ремалия улы Пеқах бир күнде Яху-
да әскерлеринен бир жүз жигирма
мың баҳадыр жаўынгерди өлтир-
ди. Себеби олар ата-бабаларының
Құдайы Жаратқан Ийени тәрк ет-
кен еди.
7 Эфрайымлы Зихрий атлы
батыр әскер патшаның улы Маа-
сеяны, сарай басқарыўшысы Аз-
рикамды ҳәм патшаның бас ўәзири
Элқананы өлтирди.
8 Израиллы-
лар өзлериниң туўысқаны болған
яҳудалылардан еки жүз мың ҳа-
ял ҳәм балаларды тутқын қылып,
көп олжа менен бирге Самарияға
алып кетти.

9 Самарияда Жаратқан Ийениң
Одед атлы пайғамбары бар еди. Ол
қайтып киятырған ләшкерлердиң
алдынан шығып, оларға былай деди:
– Ата-бабаларыңыздың Құдайы
Жаратқан Ийе Яҳуда халқына ғә-
зепленгени ушын оларды сизлерге
тәслим етти. Бирақ сизлердиң олар-
ды қандай қәҳәрге минип қырғаны-
ңыз аспанға жетип барды.
10 Бул аз
болғандай, енди болса Яҳуда ҳәм
Ерусалим турғынларын өзлери-
ңизге қул қылмақшысыз. Өзле-
риңиз не, Құдайыңыз Жаратқан
Ийеге ҳеш гүна қылмадыңыз ба?
11 Сонлықтан маған қулақ салып,
тутқынға алған туўысқанлары-
ңызды изге қайтарыңлар! Өйткени,
Жаратқан Ийениң лаўлаған ғәзеби
үстиңизге дөнип тур!

12 Сонда Эфрайым халқының
айырым көсемлери: Еҳоханан улы
Азария, Мешиллемот улы Берехия,
Шаллум улы Хизкия ҳәм Хадлай
улы Амаса урыстан қайтқанларға
қарсы турып:
13 – Тутқынларды бул жерге
алып келмеңлер. Бизлер Жаратқан
Ийениң алдында айыплы болып
қаламыз. Ямаса гүна ҳәм айып-
ларымызды және де көбейтиўди
қәлейсизлер ме? Онысыз да айып-
ларымыз көп, Жаратқан Ийениң
лаўлаған ғәзеби Израилдың үсти-
не дөнип тур, – деди.

14 Сонда әскерлер тутқынлар ме-
нен олжаларды көсемлер менен
пүткил жыйын турған жерге қал-
дырып кетти.
15 Жоқарыда аты
аталған төрт көсем орынларынан
турып, тутқынларға ғамхорлық
етти. Олардың кийими жоқлары-
на олжадағы кийимлерден алып,
кийим кийгизди, аяқ кийим бер-
ди, ишкизип-жегизди, жараларына
май жақты. Ҳалдан тайғанларын
ешекке мингизип, ҳәммесин паль-
ма ағашлары өсетуғын Ерихо қала-
сындағы ағайинлерине алып барды.
Кейин өзлери Самарияға қайтты.

16 Сол арада патша Ахаз Асси-
рия патшасына елши жиберип,
жәрдем сорады.
17 Себеби эдом-
лылар қайтадан Яҳудаға ҳүжим
жасап, адамларын тутқын етип,
алып кеткен еди.
18 Буның үстине,
филистлер Яҳуданың батысын-
дағы таў етеклериндеги ҳәм қуб-
ласындағы қалаларға шабыўыл
жасап, Бейт-Шемеш, Айялон, Ге-
дерот қалаларын, сондай-ақ Сохо,
Тимна, Гимзо қалаларын әтира-
пындағы аўыллары менен қоса ба-
сып алып, ол жерлерге қонысланып
алды.
19 Жаратқан Ийе Яҳуданы
патшасы Ахаздың кесиринен аяқ
асты қылды. Ахаз Яҳуданы гүнаға

баслап, өзи де Жаратқан Ийеге опа-
сызлық еткен еди.
20 Солай етип, Ассирия патшасы
Тилгат-Пилнесер[a] Ахазға келди.
Бирақ ол жәрдем бериўдиң ор-
нына, оны қысқыға ала баслады.
21 Ахаз Жаратқан Ийениң Үйин-
деги, өзиниң сарайындағы ҳәм ҳә-
кимлериниң үйлериндеги баҳалы
нәрселерди алып, Ассирия патша-
сына салық ретинде берди. Бирақ
бул да оған жәрдем бермеди.
22 Аўыр күнлерди басынан кеши-
рип атырса да, Ахаз Жаратқан Ийе-
ге деген опасызлығын бурынғыдан
да күшейтти. Аўа, ол – патша Ахаз-
дә! 23 Ол: «Арам патшаларының
қудайлары оларға жәрдем берип
келмекте. Енди оларға қурбанлық
берсем, олар да маған жәрдем бе-
рер», – деп ойлап, өзин жеңилис-
ке ушыратқан Дамаск қаласының
қудайларына қурбанлықлар берди.
Бирақ, тилекке қарсы, олар Ахаз-
дың өзиниң ҳәм пүткил Израилдың
қулаўына себепши болды.
24 Ахаз Қудайдың Үйиндеги бу-
йымларды жыйнап, майдалады.
Және, Жаратқан Ийениң Үйиниң
қапыларын жаптырып таслады
ҳәм Ерусалим көшелериниң ҳәр
бир мүйешине қурбанлық орынлар
қурдырды. 25 Ол басқа қудайларға
арнап түтеткилер түтетиў ушын,
Яҳуданың ҳәр бир қаласына сыйы-
ныў орынларын қурып, ата-баба-
ларының Қудайы Жаратқан Ийени
ғәзеплендирди. 26 Ахаздың басқа
ислери ҳәм барлық ис-ҳәрекетле-
ри бастан аяғына шекем Яҳуда ҳәм
Израил патшаларының жылнама
китабында жазылған. 27 Ахаз өлип,
ата-бабаларына қосылды ҳәм Еру-
салим қаласында жерленди. Бирақ
оны Израил патшаларының маза-
рына қоймады. Оның орнына улы
Хизкия патша болды.

### Яҳуда патшасы Хизкия

**29** 1 Хизкия жигирма бес жа-
сында патша болып, Еруса-
лимде жигирма тоғыз жыл патшалық
етти. Оның анасының аты Абия[b] бо-
лып, ол Зехарияның қызы еди. 2 Ол
да атасы Даўытқа уқсап, Жаратқан
Ийениң нәзеринде туўры болған ис-
лерди иследи.

### Хизкияның Ибадатхананы пәклеўи

3 Хизкия өз патшалығының би-
ринши жылының биринши айында
Жаратқан Ийениң Үйиниң қапы-
ларын ашып, оларды дүзеттир-
ди. 4 Соңынан руўханийлер менен
лебийлилерди шақыртып, Үйдиң
шығыс тәрепиндеги майданға жый-
нады ҳәм 5 оларға былай деди:
– Лебийлилер, мени тыңлаңлар!
Өзлериңизди тазаланыў рәсими-
нен өткерип, пәклениңлер, ата-ба-
баларыңыздың Қудайы Жаратқан
Ийениң Үйин да пәклеңлер! Ҳарам
нәрселерди бул Мухаддес орыннан
шығарып таслаңлар! 6 Ата-бабала-
рымыз опасызлық қылып, Қудайы-
мыз Жаратқан Ийениң нәзеринде
жаўыз болған ислерди иследи ҳәм
Оны тәрк етти. Олар Жаратқан
Ийениң қонысынан жүз бурып,

---

a **28:20** *Тилгат-Пилнесер* – көбинесе «Тиглат-Пилесер» деп жазылған.
b **29:1** *Абия* – ямаса Абий. 4Пат 18:2.

Оған арқасын қаратты. 7 Олар Иба-
датхана айўанының қапыларын
жаўып таслап, шыраларын да өши-
рип қойды. Израилдың Қудайы-
ның Мухаддес орнында түтеткилер
де түтетпей, жандырылатуғын қур-
банлықларды да усынбай қойды.
8 Сол себепли, Яҳуда менен Еру-
салим Жаратқан Ийениң ғәзеби-
не ушырады. Өз көзлериңиз бенен
көргениңиздей, Жаратқан Ийениң
оларға ислегенлери басқалардың
ҳүрейин ушыратуғын, қорқыныш-
лы ҳәм жанды түршиктиретуғын
көриниске айланды. 9 Қараңлар,
сонлықтан әкелеримиз қылыш-
тан қаза тапты, ул-қызларымыз
бенен ҳаялларымыз тутқында жүр.
10 Енди мен бизлерге деген лаўла-
ған ғәзебинен қайтыўы ушын, Из-
раилдың Қудайы Жаратқан Ийе
менен келисим дүзиўди қәлеймен.
11 Балаларым, бийпәрўа болмаң-
лар! Себеби Жаратқан Ийе сизлер-
ди Өзиниң алдында турып хызмет
етиўиңиз ҳәм қурбанлықлар жа-
ғыўыңыз ушын таңлап алған еди.

12 Сонда мына лебийлилер хыз-
метти баслады:

Қоҳат урпағынан: Амасай улы
Махат, Азария улы Иоел;

Мерарий урпағынан: Абдий улы
Киш, Еҳаллелел улы Азария;

Гершон урпағынан: Зимма улы
Иоах, Иоах улы Эден;

13 Элисафан урпағынан: Шим-
рий ҳәм Еиел;

Асаф урпағынан: Зехария ҳәм
Маттания;

14 Ҳеман урпағынан: Ехиел ҳәм
Шимей;

Едутун урпағынан: Шемая ҳәм
Уззиел.

15 Бул лебийлилер туўысқанла-
рын жыйнап алып, пәклениў рә-
симинен өтти. Соңынан патшаның
буйрығы бойынша, Жаратқан Ийе-
ниң сөзине муўапық, Оның Үйин
пәклеўге келди. 16 Руўханийлер
Жаратқан Ийениң Үйин пәклеў
ушын ишке кирип, оннан тапқан
ҳарам нәрселердиң бәрин ҳәўли-
ге шығарды. Лебийлилер оларды
алып, Кидрон сайына апарып тас-
лады. 17 Олар биринши айдың би-
ринши күни пәклеўди баслап, сол
айдың сегизинши күни Жаратқан
Ийениң Үйиниң айўанына жетти.
Олар және сегиз күн Үйдиң өзин
пәкледи ҳәм биринши айдың он
алтыншы күни пәклеў исин жуў-
мақлады.

18 Соңынан патша Хизкияға ба-
рып:

– Бизлер Жаратқан Ийениң Үйин,
жандырылатуғын қурбанлықлар
берилетуғын орынды ҳәм оған ти-
йисли ҳәмме нәрселерди, усыныл-
ған нанлар қойылатуғын столды
ҳәм оған тийисли барлық нәрсе-
лерди толық пәкледик. 19 Ахаз пат-
шаның өз ҳүкимдарлығы ўақтында
Қудайға бийопалық етип, шығарып
таслаған нәрселерин таярлап, пәк-
ледик. Олар ҳәзир Жаратқан Ийе-
ниң қурбанлық орнының жанында
тур, – деди.

## Жаратқан Ийениң Үйиндеги хызметтиң тиклениўи

20 Ертеңине патша Хизкия ерте
турып, қала ҳәкимлерин жыйна-
ды ҳәм оларды ертип, Жаратқан
Ийениң Үйине жол алды. 21 Олар
патшалық, Мухаддес мәкан ҳәм
Яҳуда халқы ушын гүналарын өтеў

қурбанлығы етип жети буға, жети
қошқар, жети тоқлы ҳәм жети теке
алып келди. Патша Харон урпақ-
ларынан болған руўханийлерге
буларды Жаратқан Ийениң қур-
банлық орны үстинде қурбанлық-
қа бериўди буйырды.
[22] Руўханийлер дәслеп буғаларды
шалып, қанын қурбанлық орын-
ға септи. Соңынан қошқарларды
шалып, қанын қурбанлық орынға
септи, кейин тоқлыларды шалып,
қанын қурбанлық орынға септи.
[23] Ақырында, гүна қурбанлығы
ушын берилген текелерди патша
менен пүткил жәмийеттиң алдына
алып келди. Олар текелердиң үсти-
не қолларын қойды. [24] Кейин руў-
ханийлер текелерди шалып, қанын
пүткил Израил халқының гүна-
лардан пәклениўи ушын, гүнаның
қуны ретинде қурбанлық орынға
септи. Себеби патша жандырыла-
туғын қурбанлықлар ҳәм гүна қур-
банлықлары пүткил Израил халқы
ушын берилсин, деп буйырған еди.
[25] Соңынан патша Даўыттың, оның
ўәлийи Гадтың ҳәм пайғамбары
Натанның көрсетпесине муўапық,
лебийлилерге кимбал, арфа ҳәм ли-
ра берип, оларды Жаратқан Ийе-
ниң Үйине орналастырды. Усылай
ислеўди Жаратқан Ийе Өз пай-
ғамбарлары арқалы буйырған
еди. [26] Лебийлилер Даўыттың саз
әсбаплары менен, руўханийлер
кәрнайлар менен өз орынларын
ийеледи. [27] Хизкия жандырыла-
туғын қурбанлықты қурбанлық
орында усыныўды буйырды. Қур-
банлықлар жандырыла баслағанда,
кәрнайларға ҳәм Израил патша-
сы Даўыттың саз әсбапларына
қосылып, Жаратқан Ийеге арнап
қосықлар айтыла баслады. [28] Қур-
банлық жандырылып болынған-
ша, пүткил жыйналғанлар тәжим
етип, қосықшылар қосық айтып,
кәрнайшылар кәрнайларын шер-
тип турды. [29] Қурбанлық бериў
тамам болғанда, патша ҳәм оның
жанындағылар дизелерин бүгип,
сыйынды. [30] Патша Хизкия ҳәм
оның хызметшилери лебийлилер-
ге Даўыттың ҳәм ўәлий Асафтың
сөзлери менен Жаратқан Ийеге
алғыс-мақтаў айтыўды буйырды.
Олар қуўаныш пенен алғыс-мақтаў
айтты, сыйынды ҳәм тәжим етти.
[31] Кейин Хизкия:
– Мине, сизлер өзлериңизди
Жаратқан Ийеге бағышладыңлар.
Енди жақынырақ келип, Жаратқан
Ийениң Үйине қурбанлықлар ҳәм
миннетдаршылық қурбанлықла-
рын алып келиңлер, – деди.

Сонда жыйналғанлар қурбан-
лықлар ҳәм миннетдаршылық
қурбанлықларын берди. Айырым
қәлеўшилер болса, жандырыла-
туғын қурбанлықлар алып келди.
[32] Халық алып келген жандырыла-
туғын қурбанлықлардың улыўма
саны мынадай болды: жетпис бу-
ға, жүз қошқар, еки жүз тоқлы. Бу-
лардың ҳәммеси Жаратқан Ийеге
арнап жандырыў ушын алып ке-
линген еди. [33] Басқа мухаддес қур-
банлықлар ушын да алты жүз бас
ири мал, үш мың бас майда мал да
алып келинди. [34] Бирақ руўханий-
лер дым аз болғанлықтан, жан-
дырылатуғын қурбанлықларды
терисинен айырып үлгере алмай
атырған еди. Сол себепли ис тамам
болғанша ҳәм басқа руўханийлер

пәклениў рәсиминен өтип болған-
ша, лебийли туўысқанлары оларға
жәрдем берди. Себеби лебийлилер
пәклениў рәсимине руўханийлерге
қарағанда итибарлырақ еди. 35 Та-
тыўлық қурбанлықларының майы
ҳәм жандырылатуғын қурбанлық-
лар ҳәм оның менен берилетуғын
ишимлик садақалары мол болды.

Усылайынша Жаратқан Ийениң
Үйиниң хызмети қайта тиклен-
ди. 36 Хизкия ҳәм пүткил халық
Қудайдың халық ушын ислеген
ислерине қуўанды. Себеби бул ис
қысқа ўақыт ишинде жүз берди.

## Қутқарылыў байрамына таярлық

**30** 1 Хизкия пүткил Изра-
ил ҳәм Яҳудаға хабар жи-
берип, Эфрайым ҳәм Менашше
урыўларына да хат жазып, олар-
ды Израилдың Қудайы Жаратқан
Ийеге арнап Қутқарылыў байра-
мын нышанлаў ушын Ерусалимде-
ги Жаратқан Ийениң Үйине мирәт
етти. 2 Патша, оның ўәзирлери ҳәм
Ерусалимдеги пүткил жыйын ке-
ңесип, байрамды екинши айда өт-
кериўди шешти. 3 Олар байрамды
белгиленген ўақытта, биринши ай-
да өткере алмаған еди. Себеби пәк-
лениў рәсиминен өткен руўханий-
лер жеткиликсиз болды ҳәм халық
та Ерусалимге жыйналып үлгерме-
ди. 4 Бул усыныс патшаға да, пүткил
жыйынға да унады. 5 Солай етип,
олар пүткил Израил бойлап, қуб-
ладағы Беер-Шебадан арқадағы
Данға шекемги пүткил халық Из-
раилдың Қудайы Жаратқан Ийеге
арнап Қутқарылыў байрамын ны-
шанлаў ушын Ерусалимге келсин
деп жәриялаўды шешти. Себеби
бул байрам жазылғанға сай улыў-
ма халықлық байрам сыпатын-
да нышанланбай киятырған еди.
6 Патшаның буйрығы бойынша,
шабарманлар патшаның ҳәм оның
хызметкерлериниң жазған хатын
пүткил Израил ҳәм Яҳуда бойлап
таратты. Онда былай деп жазыл-
ған еди: «Израил халқы, Ибра-
йымның, Ысақтың ҳәм Израилдың
Қудайы Жаратқан Ийеге қайтың-
лар! Сонда Ол да сизлерге, Асси-
рия патшаларының қолынан аман
қалғанларға қайтады. 7 Ата-баба-
ларының Қудайы Жаратқан Ийе-
ге опасызлық еткен ата-бабалары-
ңыз ҳәм туўысқанларыңыз сыяқлы
болмаңлар! Көрип турғаныңыз-
дай, Жаратқан Ийе оларды қор-
қынышлы көриниске алып келди.
8 Ата-бабаларыңыз сыяқлы қай-
сар болмай, Жаратқан Ийеге бой-
сыныңлар! Оның мәңгиге мухаддес
қылған Мухаддес орнына келип,
үстиңизге дөнип турған Оның лаў-
лаған ғәзебиниң басылыўы ушын,
Қудайыңыз Жаратқан Ийеге хыз-
мет етиңлер! 9 Егер Жаратқан Ийе-
ге жүз бурсаңыз, ағайинлериңизди
ҳәм балаларыңызды тутқында ус-
лап турғанлар оларға рехим етип,
оларды усы елге қайтарады. Се-
беби Қудайыңыз Жаратқан Ийе
мийримли ҳәм рехимли. Егер Оған
қайтсаңыз, Ол сизлерден жүз бур-
майды».

10 Солай етип, шабарманлар Эф-
райым ҳәм Менашше жерлерин
Зебулонға шекем қалама-қала ара-
лап шықты. Бирақ адамлардың
көпшилиги жаршылардың үсти-
нен күлип, масқаралады. 11 Деген

менен, Ашер, Менашше ҳәм Зе-
булон урыўларының айырымла-
ры бойсынып, Ерусалимге келди.
12 Жүреклерине бирлик руўхын
сыйлаған Жаратқан Ийениң қолы
да Яҳуда үстинде болып, халық-
та патша ҳәм оның ўәзирлериниң
Жаратқан Ийениң сөзи бойынша
берген буйрығын орынлаўға деген
қәлеў туўдырды.
13 Екинши айда Ашытқысыз нан
байрамын нышанлаў ушын, жүдә
үлкен аламан Ерусалимге жыйнал-
ды. 14 Олар иске кирисип, Еруса-
лимдеги жат қудайларға арналған
қурбанлық орынларды ҳәм түтетки
түтетилетуғын барлық қурбанлық
орынларды қыйратып, Кидрон са-
йына ылақтырды. 15 Екинши айдың
он төртинши күни олар Қутқары-
лыў байрамына арналған қурбан-
лықты шалды. Руўханийлер менен
лебийлилер уялып қалып, өзлерин
пәкледи ҳәм Жаратқан Ийениң
Үйине жандырылатуғын қурбан-
лықлар алып келди. 16 Кейин олар
Қудайдың адамы Муўсаның ныза-
мы бойынша, өз орынларын ийе-
леди. Руўханийлер лебийлилер
әкелип берген қурбанлық қанын
алып, қурбанлық орынға септи.
17 Халық арасында өзлерин пәкле-
меген адамлар көп еди. Сонлықтан
тазаланыў рәсиминен өтпегенлер-
диң Қутқарылыў қурбанлығын ша-
лыў ҳәм оларды Жаратқан Ийеге
бағышлаў лебийлилерге жүкленди.
18 Халықтың көпшилиги, әсиресе
Эфрайым, Менашше, Иссахар ҳәм
Зебулон урыўларынан келгенлер-
диң көбиси пәклениў рәсиминен
өтпеген болса да, Қутқарылыў бай-
рамының асынан жеп, қағыйданы
бузды. Бирақ Хизкия олар ушын
былай деп дуўа етти:
– Ийгиликли Жаратқан Ийе!
19 Бул адамлар Мухаддес орынның
нызамына сай өзлерин пәклемеген
болса да, олар Қудайды, ата-баба-
ларының Қудайы Жаратқан Ийени
шын жүректен изледи, сонлықтан
олардың ҳәр бирин кешире гөр!
20 Жаратқан Ийе Хизкияның
дуўасын еситти ҳәм халықты ке-
ширди. 21 Ерусалимге жыйналған
израиллылар жети күн даўамын-
да үлкен қуўаныш пенен Ашыт-
қысыз нан байрамын нышанлады.
Лебийлилер менен руўханийлер
Жаратқан Ийени тәрийиплеўге ар-
налған саз әсбаплары менен ҳәр
күни Жаратқан Ийеге арнап алғыс-
мақтаў айтты. 22 Хизкия Жаратқан
Ийеге деген хызметлерин шебер-
лик пенен атқарған лебийлилерди
жигерлендирди. Халық жети күн
даўамында татыўлық қурбанлық-
ларын берди, ата-бабаларының
Қудайы Жаратқан Ийеге алғыс-
лар айтып, байрам асынан жеди.
23 Пүткил жыйын байрамды жә-
не жети күнге созыўға қарар етти.
Сөйтип, олар және жети күн қуўа-
ныш пенен байрам қылды. 24 Яҳуда
патшасы Хизкия жыйналғанларға
мың буға ҳәм жети мың қой-ешки
берди. Ал ҳәмелдарлар болса, мың
буға ҳәм он мың қой-ешки берди.
Жүдә көп руўханийлер пәклеў рәси-
минен өткен еди. 25 Пүткил Яҳуда
халқы, руўханийлер, лебийлилер,
Израилдан келгенлер, Израилдан
келип Яҳудада жасап атырған жат
жерлилер қуўанышқа толған еди.
26 Ерусалимде уллы қуўаныш ҳү-
ким сүрди. Себеби Израилдың

патшасы Даўыт улы Сулайман-
ның дәўиринен бери Ерусалимде
бундай байрам болып көрмеген
еди. [27] Руўханийлер менен лебий-
лилер халыққа пәтия берди. Қудай
оларды еситти, олардың дуўалары
көклерге, Оның мухаддес мәканы-
на жетип барды.

### Хизкия киргизген өзгерислер

**31** [1] Байрам толық тамам бол-
ғаннан кейин, оған қат-
насқан израиллылардың барлығы
Яҳуда қалаларына барып, кийели
тасларды майдалап, кийели ағаш-
ларды кесип таслады. Олар пүткил
Яҳуда, Бенямин, Эфрайым ҳәм
Менашше жерлериндеги сыйыныў
орынларын ҳәм қурбанлық орын-
ларын бирде биреўин қалдырмай
бузып таслады. Соңынан израил-
лылар өз қалаларына, өз ийелик-
лерине қайтты.

[2] Хизкия руўханийлер менен ле-
бийлилерди атқаратуғын ўазыйпа-
ларына қарап, топарларға бөлди.
Олардың айырымларына жанды-
рылатуғын қурбанлықларды ҳәм
татыўлық қурбанлықларын усы-
ныў, айырымларына Жаратқан
Ийениң мәканының дәрўазала-
рында хызмет етиў, айырымлары-
на тәрийиплеў ҳәм алғыс-мақтаў
қосықларын айтыў тапсырылды.
[3] Патша Жаратқан Ийениң ныза-
мына муўапық, ҳәр күни азанда
ҳәм кеште, Шаббат күнлери, Жа-
ңа ай байрамында ҳәм Жаратқан
Ийениң Нызамында белгилен-
ген байрамларда усынылатуғын
жандырылатуғын қурбанлықлар
ушын өз мал-мүлкинен маллар
ажыратты. [4] Руўханийлер менен
лебийлилердиң өзлерин Жаратқан
Ийениң Нызамын орынлаўға ба-
ғышлаўы ушын, патша Ерусалимде
жасайтуғын халыққа руўханий-
лер менен лебийлилерге тийисли
болған пайларын берип турыўды
буйырды. [5] Бул пәрман жәрияла-
ныўдан-ақ, израиллылар бий-
дайдың, жаңа шараптың, зәйтүн
майының, палдың, жерден өнген
барлық өнимлердиң биринши зү-
рәәтинен сақыйлық пенен алып ке-
ле баслады. Сондай-ақ қолларында
бар болғаннан мол етип оннан би-
рин берди. [6] Яҳуда қалаларында
жасап атырған израиллылар ме-
нен яҳудалылар да өз сүриў ҳәм
падаларынан оннан бирин берди,
және Қудайы Жаратқан Ийеге ар-
налған мухаддес затларынан да
оннан бирин берип, оларды бир
жерге жыйнап үйин-үйин қылды.
[7] Олар бул исти үшинши айда бас-
лап, жетинши айда тамамлады.
[8] Патша Хизкия ҳәм оның ҳәмел-
дарлары келип, үйинлерди көрген-
де, Жаратқан Ийеге алғыс айтып,
Оның халқы Израилға пәтиясын
берди. [9] Хизкия руўханийлер ме-
нен лебийлилерден бул үйинлер
ҳаққында сорағанда, [10] Садоқ тий-
ресинен болған бас руўханий Аза-
рия жуўап берип:

– Халық Жаратқан Ийениң Үйине
садақаларын алып келе баслаған-
нан бери, тамағымыз тоқ, артып та
қалмақта. Жаратқан Ийе Өз хал-
қын жарылқағанлықтан, аўысығы-
ның өзи ағыл-тегил, – деди.

[11] Сонда Хизкия Жаратқан Ийе-
ниң Үйине зат сақланатуғын бөл-
мелер қурыўды буйырды ҳәм
олар қурылды. [12] Бул бөлмелерге

барлық садақалар, барлық заттың
оннан бири, бағышланған затлар
садықлық пенен апарып қойыл-
ды. Бул ислердиң басында лебийли
Кенания турды, ал иниси Шимей
оның орынбасары болды. 13 Патша
Хизкия ҳәм Қудайдың Үйиниң бас-
қарыўшысы Азарияның тапсырма-
сы бойынша, Ехиел, Азазия, Нахат,
Асаҳел, Еримот, Иозабад, Элиел,
Исмахия, Махат ҳәм Беная Кена-
ния менен оның иниси Шимейдиң
қол астында бақлаўшылар хызме-
тин атқара баслады. 14 Шығыс дәр-
ўазаның қараўылы лебийли Имна
улы Қоре Қудайға ықтыярлы түр-
де берилген садақаларға жуўапкер
болып, ол Жаратқан Ийеге аталған
сыйларды бағышлап, арнаўлы түр-
де берилген сыйларды бөлип бериў
ўазыйпасын алып барды. 15 Эден,
Минямин, Ешуа, Шемая, Амария
ҳәм Шекания руўханийлер жасап
атырған қалаларда руўханийлер-
ге тийисли үлеслерин топарлары
бойынша, үлкен-кишисине бир-
дей етип бөлип бериўде Қореге
жәрдемлести. 16 Буннан тысқары,
Жаратқан Ийениң Үйине кирип,
өзиниң ўазыйпасы ҳәм топары-
на сай ондағы күнделикли жу-
мысларды атқаратуғын үш жасқа
толған ҳәм оннан жоқары болған,
шежиреге киргизилген еркеклерге,
17 сондай-ақ, әўладлары бойынша
шежиреге киргизилген руўханий-
лерге, жигирма ҳәм оннан жоқары
жастағы лебийлилерге ўазыйпа-
лары менен топарларына сай үлес
бөлип берди. 18 Және де, руўханий-
лер менен лебийлилердиң шежи-
реге киргизилген нәрестелерине,
ҳаялларына ҳәм ул-қызларына да
үлес тийди. Себеби олар өзлерин
садықлық пенен Қудайға бағыш-
лаған еди. 19 Қалаларының әтира-
пындағы аўылларда жасап атырған
Харон урпақларынан болған руў-
ханийлерге келсек, олардан болған
барлық еркеклерге ҳәм лебийли-
лердиң шежиресине кирген ҳәр бир
адамға тийисли үлесин бериў ушын
атлары аталып, айырым адамлар
тайынланды.
20 Хизкия пүткил Яҳуда бойлап
усылай ис алып барды. Ол Қудайы
Жаратқан Ийениң нәзеринде ий-
гиликли, туўры ҳәм ҳадал ислерди
исләди. 21 Ол Қудайдың Үйиндеги
хызметте ҳәм Нызам менен буй-
рықларға әмел қылыў ислеринде
нелер ислеген болса да, Қудайына
бойсынып, шын жүректен ҳәрекет
етти. Нәтийжеде ол табысқа еристи.

### Санхерибтиң абай етиўи

**32** 1 Хизкияның садықлық
пенен ислеген усындай ис-
лerинен кейин, Ассирия патшасы
Санхериб келип, Яҳудаға ҳүжим
жасады. Ол қорғанлы қалаларын
қамал қылып, басып алыўды ой-
лады. 2 Санхерибтиң Ерусалимге
келип, урыс ашпақшы болғанын
көрген Хизкия, 3 ўәзирлери ҳәм әс-
кербасылары менен қала сыртын-
дағы суў көзлерин питеп таслаўды
кеңести. Олар да патшаны қолла-
ды. 4 Көп халық жыйналып: «Асси-
рия патшалары не ушын мол суўға
ийе болар екен?» – деп, ел бойлап
ағып турған барлық суў көзлерин
питеп, дәрьяларды бөгеп таслады.
5 Хизкия күшин топлап, дийўал-
лардың жығылған жерлерин қайта
тиклеп, үстине минаралар салды.

Ол дийўал сыртынан тағы бир дий-
ўал өрдирип, Дәўыттың қаласын-
дағы Миллоны беккемледи. Және
де, ол көплеген қурал-жарақлар
ҳәм қалқанлар ислетти. 6 Патша
халыққа әскербасылар тайынлап,
оларды қала дәрўазасы алдындағы
майданға жыйнады ҳәм былай деп
жигерлендирди:
7 – Күшли ҳәм мәрт болыңлар!
Ассирия патшасы ҳәм оның сан-
сыз ордасы себепли қорқып, руўх-
ларыңыз түспесин! Себеби бизлер
менен Болған, олар менен болған-
нан күшлирек! 8 Олар тәрепте адам
күши болса, бизлер тәрепте биз-
лерге жәрдем беретуғын ҳәм биз-
лер ушын урысатуғын Қудайымыз
Жаратқан Ийе бар.
Халық Яҳуда патшасы Хизкия-
ның сөзлеринен жигерленди.
9 Буннан кейин, Ассирия патшасы
Санхериб пүткил ләшкерлери ме-
нен Лахиш қаласын қамал қылып
турған ўақытта, Яҳуда патшасы
Хизкияға ҳәм Ерусалимдеги пүт-
кил Яҳуда халқына мына хабарды
жеткериў ушын өз хызметкерле-
рин Ерусалимге жиберди: 10 «Ас-
сирия патшасы Санхериб былай
дейди: Сизлер неңизге үмит байлап,
қамал ишинде қалған Ерусалим-
де отырсыз? 11 Хизкия сизлерди:
„Қудайымыз Жаратқан Ийе биз-
лерди Ассирия патшасының қо-
лынан қутқарады“, – деп алдап,
ашлық пенен шөлден набыт қыл-
мақшы. 12 Қудайға арналған сы-
йыныў орынларын ҳәм қурбанлық
орынларын қыйратып, Яҳуда ҳәм
Ерусалим халқына: „Тек бир қур-
банлық орында Қудайға сыйынып,
тек оның үстинде қурбанлықларды
түтетип жандырыңлар“, – деген усы
Хизкия емес пе? 13 Ырасында да,
мениң ҳәм мениң ата-бабаларым-
ның басқа еллердиң халықларына
не ислегенимизди билмейсизлер
ме? Сол жердеги халықлардың қу-
дайлары өз жерин мениң қолымнан
қутқара алды ма? 14 Ата-бабала-
рым толық қырып таслаған усы ха-
лықлардың қудайларының қайсы
бири өз халқын мениң қолымнан
қутқара алды? Солай екен, қала-
йынша сизлердиң Қудайыңыз сиз-
лерди мениң қолымнан қутқара
алады? 15 Хизкияның өзлериңизди
алдап, жолдан урыўына жол қой-
маңлар! Оған исенбеңлер! Себеби
ҳеш бир халықтың яки патшалық-
тың қудайы өз халқын мениң қо-
лымнан ямаса ата-бабаларымның
қолынан қутқара алмаған. Енди
сизлерди мениң қолымнан қутқа-
ра алатуғындай, Қудайыңыз ким
болыпты?!»
16 Санхерибтиң хызметкерлери
Қудай Ийеге ҳәм Оның қулы Хиз-
кияға қарсы тағы бир талай сөзлер
айтты. 17 Буның үстине, Санхериб
Израилдың Қудайы Жаратқан
Ийени ақыретлейтуғын хат жа-
зып, Оған қарсы мына сөзлерди
айтыпты: «Басқа жерлердиң қудай-
ларының өз халқын меннен қут-
қара алмағанындай, Хизкияның
қудайы да Өз халқын мениң қо-
лымнан қутқара алмайды». 18 Хат-
ты алып келгенлер бул сөзлерди
дийўал үстиндеги Ерусалим тур-
ғынларына қарай еврей тилинде
бақырып айтты. Олар халықты
қорқытып, ҳүрейин ушырып, қа-
ланы тезирек қолға киргизбек-
ши болды. 19 Олар Ерусалимниң

Қудайы ҳаққында жер бетиндеги басқа халықлардың адам қолы менен жаратылған қудайы ҳаққында айтқандай қылып сөйледи.

### Жаратқан Ийениң Хизкияны қутқарыўы

[20] Патша Хизкия ҳәм Амос улы
пайғамбар Ийшая усы ушын дуўа
етип, көклерге қарап жалбарынды.
[21] Сонда Жаратқан Ийе Өз периш-
тесин жиберди. Периште Ассирия
патшасының ордасындағы барлық
батыр жаўынгерлерди, көсемлерди
ҳәм әскербасыларды қырып тасла-
ды. Санхериб масқара болып елине
қайтты. Бир күни ол өз қудайы-
ның бутханасына киргенде, оны
өз уллары қылыш пенен өлтирди.
[22] Солай етип, Жаратқан Ийе Хиз-
кияны ҳәм Ерусалим турғынларын
Ассирия патшасы Санхерибтиң ҳәм
басқа да душпанларының қолынан
қутқарды. Оларды ҳәр тәреплеме
қорғап-сақлады. [23] Көплер Еру-
салимге келип, Жаратқан Ийеге
сыйлар, Яҳуда патшасы Хизкия-
ға қымбатбаҳа затлар алып келди.
Сол ўақыттан баслап, Хизкия бар-
лық халықлар арасында жоқары
ҳүрметке еристи.

### Хизкияның қәстелениўи, шыпаланыўы ҳәм өлиўи

[24] Сол күнлери Хизкия аўы-
рып, өлим төсегинде жатты ҳәм
Жаратқан Ийеге дуўа етти. Ол Хиз-
кияны еситип, оған қәстелигинен
дүзелетуғын белги берди. [25] Бирақ
Хизкия өзине көрсетилген жақсы-
лыққа шүкирлик етпей, менменсип
кетти. Сол себепли Жаратқан Ийе
оған, Яҳудаға ҳәм Ерусалимге ғә-
зепленди. [26] Сонда Хизкияның өзи
де, Ерусалим турғынлары да өз-
лериниң менменлиги ушын тәўбе
қылды. Сонлықтан Жаратқан Ийе
оларға Хизкияның көзиниң тири-
синде ғәзебин шашпады.

[27] Хизкия жүдә бай ҳәм абы-
райлы болды. Ол өзиниң гүмис
ҳәм алтыны, қымбатбаҳа таслары,
хош ийисли затлары, қалқанлары
ҳәм ҳәр түрли қымбатбаҳа зат-
лары ушын қазналар салдырды.
[28] Жәнe де, ол дән өнимлери, жа-
ңа шарап ҳәм зәйтүн майы сақла-
натуғын орынлар, сондай-ақ ири
ҳәм майда маллар ушын қоралар
қурдырды. [29] Қудай мол байлық
инам еткенлиги себепли, патша
өзине қалалар қурдырды ҳәм көп
санлы падалар менен сүриўлерге
ийе болды.

[30] Гихон булағының жоқарғы
ағысын питеп таслап, суўын жер
асты арқалы Даўыттың қаласы-
ның батысына ағызған да усы
Хизкия еди. Ол ислеген ҳәр бир
исинде табысқа еристи. [31] Бирақ
Бабилон ел басшылары жиберген
елшилер елде болған белги ҳақ-
қында сорастырыў ушын келген-
де,[a] Қудай сынаў ҳәм жүрегинде
не барын билиў ушын, Хизкияны
өз еркине қойды.

[32] Хизкияның басқа ислери, қыл-
ған жақсылықлары Яҳуда ҳәм
Израил патшаларының китабын-
дағы Амос улы Ийшая пайғам-
бардың аянларында баян етилген.
[33] Хизкия өлип, ата-бабаларына

---

a **32:31** 4Пат 20:12-19.

қосылғанда, Даўыт әўладларының
қәбирлериниң жоқарысына қойыл-
ды. Пүткил Яҳуда ҳәм Ерусалим
халқы оған ҳүрмет көрсетти. Оның
орнына улы Менашше патша болды.

### Яҳуда патшасы Менашше

**33** 1 Менашше он еки жасын-
да патша болды ҳәм Еру-
салимде елиў бес жыл патшалық
етти. 2 Ол Жаратқан Ийе Израил
халқының алдынан қуўып жибер-
ген халықлардың жеркенишли жа-
ман ислерине еликлеп, Жаратқан
Ийениң нәзеринде жаўыз бол-
ған ислерди иследи. 3 Әкеси Хиз-
кия қыйратып таслаған сыйыныў
орынларын қайта тикледи, Баал-
ларға арнап қурбанлық орынлар
қурды, кийели ағашларды орнатты
ҳәм пүткил аспан денелерине та-
бынып, оларға хызмет етти. 4 Ме-
нашше Жаратқан Ийениң Үйине,
яғный Жаратқан Ийениң: «Атым
мәңгиге Ерусалимде болады», –
деген Үйине басқа қудайларға ар-
нап, қурбанлық орынлар қурдыр-
ды. 5 Ол Жаратқан Ийениң Үйиниң
еки ҳәўлисине де барлық аспан де-
нелерине арнап қурбанлық орын-
лар қурды. 6 Ол Бен-Ҳинном ой-
патлығында өз улын отта жанды-
рып қурбанлыққа берди, пал ашты,
белгилерди жорыды, дуўаханлық
қылды, әрўақ ҳәм руўхларды ша-
қырыўшыларға мәсләҳәт салды.
Ол Жаратқан Ийениң нәзеринде
жаўыз болған ислерди көп ислеп,
Оны ғәзеплендирди. 7 Менашше
өзи ислеткен ойма бутты Қудай-
дың Үйине қойды. Қудай Даўытқа
ҳәм оның улы Сулайманға: «Бул
Үйде ҳәм Израил урыўлары ара-
сынан таңлап алған қалам Еруса-
лимде атымды мәңгиге орнатаман.
8 Егер олар Муўса арқалы берген
барлық Нызам, қағыйда ҳәм пәр-
манларыма байланыслы буйрық-
ларымды муқыятлы түрде орын-
лап жасаса, онда Израил халқын
өзлериниң ата-бабаларына белги-
леп берген жерден қайтадан қуўып
шығармайман», – деген еди.[a] 9 Би-
рақ Менашше Яҳуда халқын ҳәм
Ерусалим турғынларын жолдан аз-
ғырғаны соншелли, Израил хал-
қы өзиниң алдынан Жаратқан Ийе
жоқ қылған халықларынан да кө-
бирек жаманлықлар иследи.

10 Жаратқан Ийе Менашше-
ге ҳәм оның халқына ескертсе де,
олар қулақ салмады. 11 Сонлық-
тан Жаратқан Ийе оларға Ассирия
патшасының әскербасыларын жи-
берди. Олар Менашшени тутқынға
алды, мурнына ҳалқа өткерип, қо-
ла кисен менен кисенледи ҳәм оны
Бабилонға алып кетти. 12 Ол азап
шегип атырып, Қудайы Жаратқан
Ийеге жалбарынды ҳәм ата-баба-
ларының Қудайы алдында шын
жүректен бас ийди. 13 Ол дуўа ет-
ти, Жаратқан Ийе де оның дуўа-
сын қабыл етип, жалбарыныўын
еситти. Оны және Ерусалимге, өз
тахтына қайтарды. Сонда Менаш-
ше Жаратқан Ийениң ҳақыйқаттан
да Қудай екенин билди.

14 Буннан кейин, Менашше Да-
ўыттың қаласының сыртқы дий-
ўалын бурынғыдан да бийик
етип қайта қурды. Бул дийўал

---

[a] **33:8** 3Пат 9:3-5.

ойпатлықтағы Гихон булағының
батысынан Офел төбесин айнала
өтип, Балық дәрўазасының кире-
берисине шекем созылды. Патша
Яҳуданың қорғанлы қалалары-
ның ҳәммесине әскербасылар та-
йынлады. 15 Менашше Жаратқан
Ийениң Үйинен басқа жерлердиң
қудайларының мүсинлерин, өзи
қойдырған бутларды, Жаратқан
Ийениң Үйи жайласқан таўдағы
ҳәм Ерусалимдеги барлық қурбан-
лық орынларды алдырып, оларды
қаладан шығарып таслады. 16 Ол
Жаратқан Ийениң қурбанлық ор-
нын қайта тиклеп, онда татыў-
лық ҳәм миннетдаршылық қур-
банлықларын усынды ҳәм Яҳу-
да халқына Израилдың Қудайы
Жаратқан Ийеге хызмет етиўди
буйырды. 17 Деген менен, халық
сыйыныў орынларында қурбан-
лық бериўин даўам етти. Бирақ
олар берген қурбанлықларын
Қудайы Жаратқан Ийеге арнай-
туғын еди.

18 Менашшениң басқа ислери,
Қудайына арналған дуўасы ҳәм
Израилдың Қудайы Жаратқан
Ийениң атынан оған айтылған
ўәлийдиң сөзлери Израил патша-
ларының жылнама китабында жа-
зылған. 19 Оның дуўасы, Қудайдың
оған рехим етиўи, барлық гүнала-
ры, опасызлығы, ол өзи бойсын-
ғанға шекем қурғызған сыйыныў
орынлары, кийели ағашлары ҳәм
бутлары ҳаққында барлығы Көзи
ашықлардың китабында жазыл-
ған. 20 Менашше өлип, ата-баба-
ларына қосылғанда, өз сарайына
жерленди. Оның орнына улы Амон
патша болды.

### Яҳуда патшасы Амон

21 Амон жигирма еки жасында
патша болып, Ерусалимде еки жыл
патшалық етти. 22 Амон да әкеси
Менашшеге уқсап, Жаратқан Ийе-
ниң нәзеринде жаўыз болған ис-
лерди иследи. Ол әкеси соқтырған
барлық бутларға қурбанлық берип,
оларға хызмет етти. 23 Амон әкеси
Менашшеге уқсап, Жаратқан Ийе-
ге қайта жүз бурмады, керисин-
ше, гүна ислеўди арттыра берди.
24 Амонның хызметшилери оған
қарсы тил бириктирип, оны өз са-
райында өлтирди. 25 Бирақ үлке
халқы патша Амонға қарсы тил
бириктиргенлердиң ҳәммесин өл-
тирди ҳәм оның орнына улы Ио-
шияны патша етип қойды.

### Яҳуда патшасы Иошия

34 1 Иошия сегиз жасында
патша болып, Ерусалим-
де отыз бир жыл патшалық етти.
2 Ол Жаратқан Ийениң нәзеринде
туўры болған ислерди иследи ҳәм
оңға да солға да бурылмай, бабасы
Даўыттың жолынан жүрди.

### Иошия киргизген жаңалықлар

3 Иошия өз патшалығының се-
гизинши жылында, еле жас бол-
са да, бабасы Даўыттың Қудайын
излей баслады. Ал өз патшалығы-
ның он екинши жылы Яҳуда менен
Ерусалимди сыйыныў орынла-
рынан, кийели ағашлардан, ойма
ҳәм қуйма бутлардың мүсинлери-
нен тазалай баслады. 4 Оның бас-
шылығында Бааллларға арналған
қурбанлық орынлар бузып таслан-
ды, олардың жанындағы түтетки

түтетилетуғын орынлар қыйра-
тылды, кийели ағашлар менен ой-
ма ҳәм қуйма бутлардың мүсинлери
майдаланып, усы бутларға қур-
банлық бергенлердиң қәбирлери
үстине шашылды. 5 Иошия бутқа
хызмет ететуғын руўханийлердиң
сүйеклерин өзлериниң қурбанлық
орынларының үстинде отқа жақ-
ты. Усылайынша ол Яҳуда менен
Ерусалимди пәкледи. 6 Кейин Ио-
шия Менашше, Эфрайым, Ши-
мон урыўларының қалаларынан
Нафталий жерлерине дейин ҳәм
олардың қыйрап қалған аймақла-
рындағы 7 қурбанлық орынларды,
кийели ағашларды кести ҳәм бут-
ларды майдалап езди. Ол пүткил
Израил ели бойлап түтетки түте-
тилетуғын орынларды қыйратып,
соңынан Ерусалимге қайтып келди.

**Нызам китабының табылыўы**

8 Өз патшалығының он сегизин-
ши жылында, елди ҳәм Жаратқан
Ийениң Үйин пәклегеннен соң, пат-
ша Иошия Асалия улы Шафанды,
қала ҳәкими Маасеяны ҳәм дийўан-
беги Еҳоахаз улы Иоахты Қудайы
Жаратқан Ийениң Үйин оңлаў
ушын жиберди. 9 Олар бас руўха-
ний Хилкияға барып, Қудайдың
Үйине алып келинген барлық гү-
мислерди оған берди. Босағадағы
қадағалаўшы руўханийлер бол-
ған лебийлилер бул гүмислерди
Менашше ҳәм Эфрайым халқы-
нан, басқа барлық израиллылардан,
барлық Яҳуда ҳәм Бенямин халқы-
нан, және Ерусалим турғынларынан
жыйнаған еди. 10 Олар гүмислерди
Жаратқан Ийениң Үйиндеги ис-
лерди бақлаў ушын тайынланған
адамларға берди. Бақлаўшылар бу-
ны Үйдиң бузылған жерлерин дүзе-
тип, оңлап атырған жумысшыларға
төледи. 11 Қаржының бир бөлеги
усталар менен қурылысшыларға да
берилип, олар сол гүмислерге Яҳу-
да патшалары қараўсыз қалдырған
иматратларды оңлаў ушын, жоныл-
ған таслар ҳәм бақанлар менен ар-
қалық ағашлар сатып алды. 12 Бул
адамлар жумысын ҳадал иследи.
Олардың үстинен Мерарий урпағы-
нан лебийли Яхат пенен Обадияны
ҳәм Қоҳат урпағынан лебийли Зеха-
рия менен Мешулламды бақлаўшы
етип қойды. Саз әсбапларын жақ-
сы шертетуғын барлық лебийлилер
13 жүк тасыўшыларды ҳәм ҳәр бир
имараттағы ҳәмме жумысшылар-
ды бақлап жүрди. Лебийлилерден
айырымлары хаткерлер, қадағалаў-
шылар ҳәм дәрўаза қараўыллары
хызметин атқарды.

14 Жаратқан Ийениң Үйине әке-
линген гүмисти алып шығып
баратырып, руўханий Хилкия
Жаратқан Ийениң Муўса арқалы
берген Нызам китабын таўып алды.
15 Хилкия хаткер Шафанға:

– Мен Жаратқан Ийениң Үйинен
Нызам китабын таптым, – деп, ки-
тапты Шафанға берди. 16 Шафан
китапты патшаға алып келип, оған:

– Қулларыңыз өзлерине тапсы-
рылғанның ҳәммесин ислеп атыр.
17 Олар Жаратқан Ийениң Үйинде-
ги бар гүмисти алып, бақлаўшылар
менен жумысшыларға берди, – деп
хабар берди. 18 Соңынан хаткер
Шафан:

– Руўханий Хилкия маған бир
китап берди, – деди ҳәм китап-
ты патшаға даўыслап оқып берди.

19 Патша Нызам китабындағы
сөзлерди еситкенде, кийимлерин
жыртты. 20 Ол Хилкияға, Шафан
улы Ахиқамға, Миха улы Абдон-
ға, хаткер Шафанға ҳәм өз хызмет-
шиси Асаяға былай деп буйырды:
21 – Барып, табылған бул китап-
тың сөзлери ҳаққында мен ушын
да, Израил ҳәм Яҳуда халқының
қалғанлары ушын да, Жаратқан
Ийениң еркин сораңлар. Жаратқан
Ийениң үстимизге жаўдыратуғын
ғәзеби уллы, себеби ата-бабала-
рымыз Жаратқан Ийениң сөзине
әмел қылмады. Олар бул китап-
та жазылғанларға сай ис тутпады.
22 Руўханий Хилкия менен пат-
ша жиберген адамлар барып, Хас-
раның ақлығы Тақҳаттың улы
болған мухаддес кийимлерге қа-
раўшы Шаллумның ҳаялы пайғам-
бар Хулда менен сөйлести. Хулда
Ерусалимниң таза бөлиминде жа-
сайтуғын еди. 23 Ҳаял оларға бы-
лай деди:
– Израилдың Қудайы Жаратқан
Ийе сизлерди маған жиберген
адамға былай деп айтыңлар деп
атыр: 24 «Жаратқан Ийе былай дей-
ди: Яҳуда патшасының алдында
оқылған китапта жазылған барлық
нәлетлерди, яғный апатшылықлар-
ды усы жерге ҳәм ондағы халыққа
жаўдырмақшыман. 25 Олар мени
тәрк етти ҳәм басқа қудайларға
түтетки түтетип, пүткил ислери
менен Мениң ғәзебимди келтир-
ди. Сонлықтан бул жерге ғәзе-
бим төгиледи ҳәм ол сөнбейди».
26 Жаратқан Ийениң еркин сораў
ушын сизлерди жиберген Яҳуда
патшасына былай деп айтыңлар:
«Израилдың Қудайы Жаратқан
Ийе сен еситкен сөзлер туўралы
былай дейди: 27 Бул жер ҳәм ондағы
халыққа қарсы айтқан сөзлерим-
ди еситкениңде, жүрегиң езилди
ҳәм Маған бойсындың. Сен Маған
бойсынып, кийимлериңди жыр-
тып, Мениң алдымда жылаған-
лықтан, Мен де сени еситтим. Бул
Жаратқан Ийениң сөзлери. 28 Сон-
лықтан Мен сени ата-бабаларыңа
қосаман, тынышлық пенен қәбирге
қойыласаң. Мен бул жерге ҳәм бул
жерде жасайтуғынларға жаўдыра-
туғын ҳеш бир апатшылықты се-
ниң көзиң көрмейди».
Олар бул хабарды патшаға жет-
кизди. 29 Сонда патша адам жи-
берип, Яҳуда ҳәм Ерусалимниң
барлық ақсақалларын жыйна-
ды. 30 Ол Яҳуда халқын, Ерусалим
турғынларын, руўханийлерди, ле-
бийлилерди ҳәм үлкенинен кишке-
несине дейинги пүткил халықты
ертип, Жаратқан Ийениң Үйи-
не барды. Кейин патша оларға
Жаратқан Ийениң Үйинен табыл-
ған Келисим китабын басынан ая-
ғына дейин даўыслап оқып берди.
31 Патша өзиниң арнаўлы орнында
турып, Жаратқан Ийениң алдын-
да келисим дүзди. Ол Жаратқан
Ийениң жолы менен жүрип, Оның
буйрықларын, қарарларын, қағый-
даларын шын жүректен, жан-тәни
менен орынлаўға, усы китапта жа-
зылған келисим сөзлерине әмел
қылыўға ант ишти. 32 Ол Еруса-
лимде ҳәм Бенямин жеринде жа-
сайтуғын адамларға усы антты
тастыйықлаўды буйырды. Еру-
салим турғынлары Қудайдың,
ата-бабаларының Қудайының ке-
лисимине садық қалды.

33 Иошия Израилға караслы бар-
лық аймақлардағы жеркенишли
бутларды алып таслап, Израилда
жасайтуғынлардың ҳәммесине өз-
лериниң Қудайы Жаратқан Ийеге
сыйыныўды буйырды. Иошияның
көзиниң тирисинде халық ата-ба-
баларының Қудайы Жаратқан Ийе-
ниң жолынан таймады.

### Иошияның Қутқарылыў байрамын өткериўи

**35** 1 Иошия Ерусалимде
Жаратқан Ийениң ҳүрмети-
не Қутқарылыў байрамын нышан-
лады. Биринши айдың он төртинши
күни қурбанлық шалынды. 2 Иошия
руўханийлерди өз хызметлерине
қойып, Жаратқан Ийениң Үйинде-
ги хызметин орынлаў ушын, олар-
ды жигерлендирди. 3 Ол пүткил
Израил халқына тәлим берип кел-
ген, Жаратқан Ийеге бағышланған
лебийлилерге былай деди:

– Мухаддес сандықты Израил
патшасы Даўыттың улы Сулай-
ман қурдырған Үйге қойыңлар.
Оны буннан былай ийинлериңиз-
де көтерип жүриўдиң ҳәжети жоқ.
Енди Қудайыңыз Жаратқан Ийеге
ҳәм Оның халқы Израилға хызмет
етиңлер! 4 Израил патшасы Даўыт-
тың ҳәм оның улы Сулайманның
көрсетпелерине муўапық,[a] әўлады-
ңыз ҳәм топарларыңыз бойынша
хызметке таярланыңлар. 5 Мухад-
дес орында туўысқанларыңыз бол-
ған халықтың ҳәр бир әўладына
лебийлилердиң бир тобы хызмет
етиўге таяр турсын. 6 Қурбанлық
сойып, өзлериңизди пәклеңлер ҳәм
Жаратқан Ийениң Муўса арқалы
буйырғанындай, оларды туўыс-
қанларыңыз ушын тайынлаңлар.

7 Иошия сол жердеги халыққа
Қутқарылыў қурбанлығы ушын,
майда малдан отыз мың бас тоқлы
ҳәм ылақ, ири малдан үш мың бас
буға сыйлады. Булардың ҳәммеси
патшаның жеке мүлкинен берил-
ген еди. 8 Патшаның ўәзирлери де
ықтыярлы түрде халыққа, руўха-
нийлерге ҳәм лебийлилерге қур-
банлықлар сыйлады. Қудайдың
Үйиниң басқарыўшылары Хилкия,
Зехария ҳәм Ехиел де байрамға ар-
нап, руўханийлерге Қутқарылыў
қурбанлығы ушын еки мың ал-
ты жүз майда мал ҳәм үш жүз ири
мал берди. 9 Сондай-ақ, Кенания
ҳәм оның туўысқанлары Шемая
менен Нетанел, және де лебийли-
лердиң көсемлери Хашабия, Еиел
ҳәм Иозабад байрамда Қутқары-
лыў қурбанлығына шалыў ушын
лебийлилерге бес мың бас майда
мал ҳәм бес жүз бас ири мал берди.

10 Хызмет ушын ҳәммеси таяр
болғанда, патша буйырғанындай,
руўханийлер өз орынларында, ал
лебийлилер өз топарлары менен
таяр турды. 11 Қурбанлықлар со-
йылып, руўханийлер өзлерине бе-
рилген қанды қурбанлық орынға
септи. Лебийлилер малларды те-
риден айырды. 12 Олар Муўсаның
китабында жазылғанларға муўа-
пық, Жаратқан Ийеге усыныўы
ушын, қурбанлыққа жандырыла-
туғын малларды халықтың ҳәр бир
әўладына бөлип берди. Ири мал-
ларды да солай иследи. 13 Қағыйда

---

[a] **35:4** 1Жлн 23:1–26:32.

бойынша, Қутқарылыў байрамы-
ның қурбанлығын отта қуўырды,
мухаддес қурбанлықларды ҳәр
түрли қазанларда асып, пүткил ха-
лыққа асығыс үлестирди. 14 Кейин
лебийлилер өзлери ҳәм руўханий-
лер ушын аўқат таярлады. Себеби
Хароннның урпақларынан болған
руўханийлер қас қарайғанша жан-
дырылатуғын қурбанлықларды
ҳәм малдың майын өртеў менен
бәнт еди. Сонлықтан лебийлилер
өзлери ҳәм Хароннның урпақлары-
нан болған руўханийлер ушын аў-
қатты кейин таярлады.

15 Асаф урпағынан болған қо-
сықшылар Даўыт, Асаф, Ҳеман
ҳәм патшаның ўәлийи Едутунның
буйрығы бойынша белгиленген
орынларында турды. Дәрўазалар-
дағы дәрўаза қараўылларына өз
орынларын таслап кетиўдиң ҳә-
жети болмады, себеби олардың
туўысқанлары болған лебийлилер
олар ушын ҳәммесин таяр қыл-
ды. 16 Солай етип, сол күни патша
Иошияның буйрығына муўапық,
Қутқарылыў байрамын өткериў
ҳәм Жаратқан Ийениң қурбанлық
орнында жандырылатуғын қур-
банлықлар бериўге байланыслы
Жаратқан Ийеге арналған ҳәмме
хызметлер орынланды. 17 Сол күни
сол жерде болған барлық израил-
лылар Қутқарылыў байрамын ны-
шанлады ҳәм оған қоса, жети күн
бойы Ашытқысыз нан байрамын
байрамлады. 18 Пайғамбар Саму-
елдиң күнлеринен бери, Израил-
да Қутқарылыў байрамы бундай
етип нышанланбаған еди. Израил
патшаларының ҳеш бири де Ио-
шияның нышанлағаны сыяқлы,
руўханийлер, лебийлилер, пүткил
Яҳуда халқы, сол жердеги израил-
лылар ҳәм Ерусалим турғынлары
менен бирге Қутқарылыў байра-
мын байрамламаған еди. 19 Усы
Қутқарылыў байрамы Иошияның
патшалығының он сегизинши жы-
лында болып өтти.

### Иошияның өлими

20 Бул ўақыялардан соң, Иошия
Қудайдың Үйин тәртипке келти-
рип болғанда, Мысыр патшасы Не-
хо урысыў ушын Евфрат дәрьясы
бойындағы Каркемиш қаласына
келди. Патша Иошия да Нехоға
қарсы жүрис қылды. 21 Бирақ Не-
хо Иошияға елшилери арқалы мы-
на хабарды жиберди: «Ҳәй, Яҳуда
патшасы! Мениң менен не жумы-
сың бар? Бүгин саған қарсы емес, ал
өзим менен урысатуғын патшалық-
қа қарсы урысқа шықтым. Қудай
маған асығыўды буйырды, Ол мен
тәрепте. Сонлықтан Оған қарсы
шықпа, болмаса набыт боласаң».

22 Бирақ Иошия Нехо менен уры-
сыўдан ўаз кешпей, кийимлерин
өзгертти. Қудайдың Нехо арқалы
айтқан сөзлерине де қулақ салмай,
Мегиддо ойпатлығында Нехо ме-
нен урысқа киристи. 23 Сол жерде
садақшылардың оғы патша Ио-
шияға тийип, ол хызметшилерине:

– Мени алып кетиңлер, мен аўыр
жарақатландым, – деди.

24 Хызметшилери Иошияны ар-
басынан алды да, басқа арбаға
мингизип, Ерусалимге алып кел-
ди ҳәм ол сол жерде қайтыс болды.
Оны ата-бабаларының қәбирине
жерледи. Пүткил Яҳуда ҳәм Еру-
салим халқы ол ушын жоқлаў

айтып жылады. 25 Еремия пайғам-
бар Иошияға арнап жоқлаў жырын
шығарды. Усы күнге дейин қосық-
шылар Иошияны жоқлаў жырлары
арқалы еске алады. Бул жоқлаўлар
Израилда дәстүрге айланып, олар
Жоқлаўлар китабына киргизилген.
26 Иошияның басқа ислери,
Жаратқан Ийениң Нызамында
жазылғанларға сай алып барған
ийгиликли ислери, 27 ҳәмме ўақыя-
лар басынан аяғына шекем Израил
ҳәм Яҳуда патшаларының жылна-
ма китабында жазылған.

### Яҳуда патшасы Еҳоахаз

36 1 Яҳуда халқы әкеси Ио-
шияның орнына улы Еҳо-
ахазды Ерусалимде патша етип
қойды. 2 Еҳоахаз жигирма үш жа-
сында патша болып, Ерусалимде
үш ай патшалық етти. 3 Мысыр
патшасы Нехо оны Ерусалимде
тахттан түсирип, Яҳуда елине жүз
талант гүмис ҳәм бир талант алтын
салық салды. 4 Мысыр патшасы
Нехо Яҳуда ҳәм Ерусалим тахты-
на Еҳоахаздың әжағасы Элякимди
ди отырғызды ҳәм атын өзгертип,
Еҳояким деп қойды. Ал Еҳоахазды
болса, Мысырға алып кетти.

### Яҳуда патшасы Еҳояким

5 Еҳояким жигирма бес жасында
патша болып, Ерусалимде он бир
жыл патшалық етти. Ол Қудайы
Жаратқан Ийениң нәзеринде жаўыз
болған ислерди иследи. 6 Бабилония
патшасы Набуходоносор Еҳояким-
ге ҳүжим жасады ҳәм оны қола ки-
сенлер менен кисенлеп, Бабилонға
алып кетти. 7 Ол Жаратқан Ийениң
Үйиндеги бир қанша буйымларды
алып кетип, Бабилондағы өзиниң
бутханасына қойды.
8 Еҳоякимниң басқа ислери, ол
ислеген жеркенишли ислер ҳәм
оның басына түскен барлық ислер
ҳаққында Израил ҳәм Яҳуда пат-
шаларының жылнама китабында
жазылған. Оның орнына улы Еҳо-
якин патша болды.

### Яҳуда патшасы Еҳоякин

9 Еҳоякин сегиз* жасында патша
болып, Ерусалимде үш ай он күн
патшалық етти. Ол да Жаратқан
Ийениң нәзеринде жаўыз болған
ислерди иследи. 10 Ерте бәҳәрде
патша Набуходоносор адам жи-
берип, оны Бабилонға алдырт-
ты. Келгенлер оның менен бирге
Жаратқан Ийениң Үйиндеги қым-
батбаҳа буйымларды да алып кетти.
Еҳоякинниң орнына Еҳоякинниң
әкесиниң иниси Седекияны Яҳуда
ҳәм Ерусалимге патша етип қойды.

### Яҳуда патшасы Седекия

11 Седекия жигирма бир жасын-
да патша болып, Ерусалимде он
бир жыл патшалық етти. 12 Седе-
кия да Қудайы Жаратқан Ийениң
нәзеринде жаўыз болған ислерди
иследи. Жаратқан Ийениң сөзин ха-
барлаған Еремия пайғамбар алдын-
да бойсыныўшылық билдирмеди.

### Ерусалимниң қулаўы

13 Седекия Қудай ҳақы өзине ант
иштирген патша Набуходоносор-
ға қарсы бас көтерди. Ол қайсар-
лық пенен қасарысып, Израилдың
Қудайы Жаратқан Ийеге жүз бур-
мады. 14 Буның үстине, руўханий-
лердиң ҳәм халықтың барлық

басшылары да барған сайын басқа
халықлардың жеркенишли ислери-
не еликлеп, опасызлық қылды ҳәм
Жаратқан Ийе мухаддес қылған
Ерусалимдеги Үйин де ҳарамлады.
15 Ата-бабаларының Қудайы
Жаратқан Ийе Өз халқы ҳәм Өз мә-
канына жаны ашып, Өз хабаршы-
лары арқалы оларға қайта-қайта
ескертти. 16 Бирақ олар Қудай-
дың хабаршыларын мазақ қылып,
Оның сөзлерин писент етпеди ҳәм
Оның пайғамбарларының үсти-
нен күлди. Ақырында, Жаратқан
Ийениң Өз халқына ғәзепленгени
соншелли, енди қутқарылыўдың
шарасы жоқ еди. 17 Қудай калдей-
лердиң патшасын оларға қарсы
атландырды. Калдейлердиң пат-
шасы олардың жасларын Мухад-
дес мәканда қылыштан өткерди,
жасты да, қыз баланы да, ғарры-
ны да, ақ шашлыны да аямады.
Жаратқан Ийе олардың ҳәммесин
Набуходоносордың қолына бер-
ди. 18 Ол Қудайдың Үйиндеги үл-
кен-киши буйымлардың ҳәммесин,
Жаратқан Ийениң Үйиниң қазна-
ларын, патшаның ҳәм оның ўәзир-
лериниң қазналарын Бабилонға
алып кетти. 19 Ол Қудайдың Үйине
от қойды, Ерусалимниң дийўалын
қулатты, ондағы барлық әҳмийет-
ли имаратларды жағып жиберип,
ондағы қымбатбаҳа нәрселердиң
ҳәммесин жоқ қылды. 20 Ал қы-
лыштан аман қалғанларды болса,
Бабилонға сүргин қылды. Олар
Персия патшалығы күшейгенге
шекем, Бабилония патшасының
ҳәм оның улларының қуллары
болды. 21 Солай етип, Жаратқан
Ийениң Еремия пайғамбар арқалы
айтқан[a] мына сөзлери орынланды:
«Жер жетпис жыл бос қалып, Шаб-
бат дем алысларын[b] өтемегенше
дем алады».

### Кирдиң сүргинде болғанлардың қайтыўына рухсат бериўи

22 Персия патшасы Кирдиң пат-
шалығының биринши жылында
Жаратқан Ийе Өзиниң Еремия пай-
ғамбар арқалы айтқан сөзин әмел-
ге асырыў ушын, Персия патшасы
Кирдиң жүрегине түртки салды.
Сонда патша Кир мынадай пәрман
шығарып, оны пүткил патшалығы
бойлап жәриялаўды ҳәм жазба түрде
таратыўды буйырды: 23 «Персия пат-
шасы Кир былай дейди: „Аспанның
Қудайы Жаратқан Ийе жер жүзин-
деги барлық патшалықларды маған
берди ҳәм Яҳуданың Ерусалим қа-
ласына Өзи ушын бир Үй қурыўды
маған тапсырды. Араңыздағы Оның
халқынан болған ҳәр бир адам Еру-
салимге барсын. Қудайы Жаратқан
Ийе оған яр болсын!“»

---

a **36:21** Ерм 25:11; 29:10.
b **36:21** Леб 25:1-7.

# Эзра китабы

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Эзра китабы бизлерге Екинши жылнама китабында баян етилген Яҳуда тарийхының даўамы менен таныстырады. Бунда Қудайдың Өз ўәделерине садық қалыўы ҳәм яҳудийлерди Бабилониядағы жетпис жыллық сүргиннен кейин өз ўатанына қайтарып алып келиўи ҳаққында сөз етиледи. Биринши топар Зеруббабел басшылығында Ерусалимге қайтып келип, Ибадатхананы қайта қурыўды баслайды. Зеруббабел Яҳуда патшасы Еҳоякинниң, яғный Ехонияның ақлығы болып, патша урпағына тийисли болған ақсүйек сыпатында Ерусалимге қайтып келеди. Екинши топар улама Эзра басшылығында Ерусалимге қайтады. Эзра халықтың руўхый өмир тәризине үлкен итибар берип, оларды Қудай алдында пәк жасаўға шақырады.

Қудайдың нызамын жақсы билетуғын күшли улама Эзра руўханий Харон урпағынан келип шыққан. Китаптың екинши бөлиминде Эзра бас қаҳарман болып сүўретленеди.

Персия патшасы Кирдиң б. э. ш. 538-жылы арнаўлы пәрман жәриялағаны туўралы Екинши жылнама китабының ақырында баян етилген еди. Сол пәрманда Кир яҳудийлердиң өз елине қайтып барып, Қудайының Үйин қайта тиклеўине рухсат береди. Эзра китабының биринши бөлими (1–6 баплар) Кирдиң сол пәрманы менен басланады. Бул бөлимниң даўамында бир неше яҳудийлер Ерусалимге қайтып барғаны ҳәм Ибадатханада қурылысты баслағаны ҳаққында сөз етиледи. Бирақ қоңсы халықлар яҳудийлерге көп кесент береди, соның ушын, қурылыс ислери әстенлеп қалады. Ҳәттеки бир неше жыл қурылыс тоқтап қалады. Ақыры, б. э. ш. 515-жылы Ибадатхана қурылысы тамамланады.

Китаптың усы бөлиминде кейинги дәўирде жүз берген машқалалар да орын алған (4:6-23). Соның менен бирге, патша Артаксеркс ҳүкимдарлығы дәўиринде яҳудийлер қала дийўалларын тиклеў ислерин тоқтатыўға мәжбүр болады.

Китаптың екинши бөлими (7–10 баплар) Эзраның Ерусалимге келиўи менен басланады. Б. э. ш. 458-жылы Эзра Израил халқына Қудайдың нызамларын үйретиў ушын Ерусалимге қайтып келеди. Сонда Эзра халықтың гүна қылып атырғанын көрип, қорқынышқа түседи. Себеби Израил халқы бутқа табыныўшы

халықлар менен қуда түсип, соның ақыбетинде бутқа табыныўшылыққа жол қойып, Қудайдың нызамларын бузып атырған еди. Бул гүналарға қол урған Израил халқы Қудайдың қәҳәрине ушыраў қәўпи астында қалады (Нзм 7:1-5 қараң). Соның ушын, Эзра дуўа етип, халықтың гүналары ушын тәўбе қылады, ол Қудайға: «Халықтың гүналарын кешир», деп жалбарынады. Халық Қудайдың нызамларына бойсыныўға ыразы болады.

---

### Кирдиң сүргинде болғанлардың қайтыыўына рухсат бериўи

**1** [1] Персия патшасы Кирдиң пат-
шалығының биринши жылын-
да Жаратқан Ийе Өзиниң Еремия
пайғамбар арқалы айтқан сөзин[a]
әмелге асырыў ушын, Персия патша-
сы Кирдиң жүрегине түртки салды.
Сонда патша Кир мынадай пәрман
шығарып, оны пүткил патшалығы
бойлап жәриялаўды ҳәм жазба түр-
де таратыўды буйырды:
[2] «Персия патшасы Кир бы-
лай дейди: „Аспанның Қудайы
Жаратқан Ийе жер жүзиндеги бар-
лық патшалықларды маған берди
ҳәм Яҳуданың Ерусалим қаласы-
на Өзи ушын бир Үй қурыўды ма-
ған тапсырды. [3] Араңыздағы Оның
халқынан болған ҳәр бир адам-
ға Қудайы яр болсын! Енди олар
Яҳуданың Ерусалим қаласына ба-
рып, Ерусалимдеги Қудайдың, яғ-
ный Израилдың Қудайы Жаратқан
Ийениң Үйин қайта қурсын. [4] Ҳә-
зир тири қалған яҳудийлер жасап
атырған жерлердиң турғынлары
оларды гүмис, алтын, буйым ҳәм
маллар менен тәмийинлеў менен
бирге, Ерусалимдеги Қудайдың
Үйи ушын ықтыярлы садақалар
берсин“».
[5] Солай етип, Яҳуда ҳәм Беня-
мин урыўларының әўлад басшы-
лары, руўҳанийлер, лебийлилер
ҳәм Қудай тәрепинен руўхланды-
рылған ҳәр бир адам Жаратқан
Ийениң Ерусалимдеги Үйин қай-
та қурыў ушын кетиўге таярлан-
ды. [6] Ҳәмме қоңсылары ықтыярлы
садақаларға қоса, оларға гүмис бу-
йымлар, алтын, мал-мүликлер ҳәм
қымбатбаҳа нәрселер берип, жәр-
дем қолларын созды. [7] Патша Кир-
диң өзи Жаратқан Ийениң Үйине
тийисли болған затларды, яғный
Набуходоносордың Ерусалим-
нен алып келип, өз қудайының
үйине қойған затларын ол жер-
ден шығартты. [8] Персия патшасы
Кир оларды қазнашы Митредатқа
әкелдирип, Яҳуда ҳәкими Шешбас-
сарға санап тапсыртты. [9] Олардың
есабы мынадай еди:
Алтын ыдыс – 30 дана,
Гүмис ыдыс – 1000 дана,
Пышақ – 29 дана,
[10] Алтын тостаған – 30 дана,
Жуп гүмис тостаған – 410 дана,
Басқа буйымлар – 1000 дана.

---

[a] **1:1** Ерм 25:11; 29:10.

11 Алтын ҳәм гүмис буйымлардың барлығы 5400 дана еди. Сүргин етилгенлер Бабилониядан Ерусалимге қайтарылғанда, Шешбассар бул ыдысларды өзи менен бирге алып қайтты.

### Сүргиннен қайтып келгенлердиң дизими

2 1 Бабилония патшасы Набуходоносордың Бабилонияға тутқын етип алып кеткен адамлары сүргин етилип, тутқында болған ўәлаятынан Ерусалимге ҳәм Яҳудадағы өз қалаларына қайтып келди.
2 Олар Зеруббабел, Ешуа, Нехемия, Серая, Реелая, Мордохай, Билшан, Миспар, Бигўай, Рехум ҳәм Баананың басшылығында қайтып келди.

Сүргиннен қайтқан Израил ерлериниң дизими төмендегише:

3 Парош урпақларынан – 2172 адам;
4 Шефатия урпақларынан – 372 адам;
5 Арах урпақларынан – 775 адам;
6 Пахат-Моаб, яғный Ешуа ҳәм Иоаб урпақларынан – 2812 адам;
7 Элам урпақларынан – 1254 адам;
8 Затту урпақларынан – 945 адам;
9 Заккай урпақларынан – 760 адам;
10 Баний урпақларынан – 642 адам;
11 Бебай урпақларынан – 623 адам;
12 Азгад урпақларынан – 1222 адам;
13 Адониқам урпақларынан – 666 адам;
14 Бигўай урпақларынан – 2056 адам;
15 Адин урпақларынан – 454 адам;
16 Атер, яғный Хизкия урпақларынан – 98 адам;
17 Бетсай урпақларынан – 323 адам;
18 Иора урпақларынан – 112 адам;
19 Хашум урпақларынан – 223 адам;
20 Гиббар урпақларынан – 95 адам;
21 Бейтлеҳемлилерден – 123 адам;
22 Нетофалылардан – 56 адам;
23 Анатотлылардан – 128 адам;
24 Азмаўетлилерден – 42 адам;
25 Кирят-Яримлилерден, кефиралылардан ҳәм бееротлылардан – 743 адам;
26 Рамалылардан ҳәм гебалылардан – 621 адам;
27 Михмаслылардан – 122 адам;
28 Бейт-Эллилерден ҳәм айлылардан – 223 адам;
29 Неболылардан – 52 адам;
30 Магбишлилерден – 156 адам;
31 Басқа эламлылардан – 1254 адам;
32 Харимлилерден – 320 адам;
33 Лодлылардан, хадидлилерден ҳәм онолылардан – 725 адам;
34 Ерихолылардан – 345 адам;
35 Сеналылардан – 3630 адам.

36 Рууханийлер:

Ешуа нәсилинен болған Едая урпақларынан – 973 адам;
37 Иммер урпақларынан – 1052 адам;
38 Пашхур урпақларынан – 1247 адам;
39 Харим урпақларынан – 1017 адам.

40 Лебийлилер:

Ҳодаўия нәсилинен тараған Ешуа ҳәм Қадмиел урпақларынан – 74 адам.

[41] Қосықшылар: Асаф урпақла-
рынан – 128 адам.
[42] Дәрўаза қараўыллары: Шаллум,
Атер, Талмон, Аққуб, Хатита ҳәм
Шобай урпақларынан – 139 адам.
[43] Ибадатхана хызметшилери:
Сиха урпақларынан, Хасуфа ур-
пақларынан, Таббаот урпақлары-
нан, [44] Керос урпақларынан, Сиаҳа
урпақларынан, Падон урпақла-
рынан, [45] Лебана урпақларынан,
Хагаба урпақларынан, Аққуб ур-
пақларынан, [46] Хагаб урпақлары-
нан, Шалмай урпақларынан, Ханан
урпақларынан, [47] Гиддел урпақ-
ларынан, Гахар урпақларынан,
Реая урпақларынан, [48] Ресин ур-
пақларынан, Неқода урпақлары-
нан, Газзам урпақларынан, [49] Узза
урпақларынан, Пасеах урпақлары-
нан, Бесай урпақларынан, [50] Асна
урпақларынан, Меуним урпақла-
рынан, Нефусим урпақларынан,
[51] Бақбуқ урпақларынан, Хақуфа
урпақларынан, Хархур урпақла-
рынан, [52] Баслут урпақларынан,
Мехида урпақларынан, Харша ур-
пақларынан, [53] Барқос урпақлары-
нан, Сисера урпақларынан, Темах
урпақларынан, [54] Незиах урпақ-
ларынан ҳәм Хатифа урпақлары-
нан еди.
[55] Сулайманның мәрдикарға
алынған хызметшилериниң ур-
пақлары:
Сотай урпақларынан, Соферет
урпақларынан, Перуда урпақлары-
нан, [56] Яла урпақларынан, Дарқон
урпақларынан, Гиддел урпақла-
рынан, [57] Шефатия урпақларынан,
Хаттил урпақларынан, Покерет-
Ҳассебайым урпақларынан ҳәм
Амий урпақларынан еди.
[58] Ибадатхана хызметшилери ме-
нен Сулайманның хызметшилери-
ниң урпақларынан барлығы болып
392 адам еди.
[59] Тел-Мелах, Тел-Харша, Керуб,
Аддан ҳәм Иммер қалаларынан
көшип келген, бирақ өзлериниң
шығысын ҳәм Израилдың қайсы
урыўына тийисли екенин дәлил-
лей алмағанлар мыналар еди:
[60] Делая, Тобия ҳәм Неқода ур-
пақларынан – 652 адам.
[61] Сондай-ақ, руўханийлер нәси-
линен болған Хабайя урпақлары,
Ҳаққос урпақлары ҳәм гиладлы
Барзиллайдың қызларының бири-
не үйленип, қәйин атасының аты
менен аталған Барзиллай урпақла-
ры. [62] Булар жазба шежиреден өз
шығысын изледи, бирақ таба ал-
мағанлықтан қаны таза емес деп,
руўханийлик хызметинен шетле-
тилди. [63] Ҳәким оларға Урим ҳәм
Туммимнен[a] пайдалана алатуғын
руўханий шықпағанша, тек руўха-
нийлерге берилетуғын ең мухаддес
тағамнан жемеўди буйырды.
[64] Сүргиннен қайтқан пүткил жә-
мийет ҳәммеси болып 42 360 адам
еди. [65] Булардан тысқары, олардың
7337 қул ҳәм шорылары, 200 еркек
ҳәм ҳаял қосықшылары бар еди.
[66] Сүргиннен қайтқанлардың 736
аты, 245 ғашыры, [67] 435 түйеси ҳәм
6720 ешеги бар еди.
[68] Олар Ерусалимдеги Жаратқан
Ийениң Үйине келиўден-ақ,

---

[a] **2:63** *Урим ҳәм Туммим* – бул Қудайдың еркин билиў ушын арналған таслар болып, оларды шек таслаў жолы менен қолланған болыўы мүмкин.

Қудайдың Үйин өз орнына қайта тиклеў ушын, айырым урпақ басшылары ықтыярлы садақалар усынды. 69 Ҳәр бири шамасы келгенин берди. Бул ис ушын қазнаға 61 000 дарик[a] алтын, 5000 мина[b] гүмис ҳәм 100 руўханийлик кийим берилди.

70 Руўханийлер, лебийлилер, халық ишинен айырым адамлар, қосықшылар, дәрўаза қараўыллары ҳәм Ибадатхана хызметшилери өз қалаларына орналасты. Қалған барлық израиллылар да өз қалаларына орналасып алды.

## Қурбанлық орынның қайта қурылыўы

3 1 Израиллылар өз қалаларына жайласып болғаннан соң, жетинши айда олардың ҳәммеси бир адамдай Ерусалимге жыйналды.
2 Қудайдың адамы болған Муўсаның Нызам китабындағы жазыўларға муўапық, қурбанлық орын үстинде жандырылатуғын қурбанлықлар усыныў ушын, Иосадақ улы Ешуа ҳәм оның руўханий ағайинлери, Шеалтиел улы Зеруббабел ҳәм оның туўысқанлары Израилдың Қудайына арнап қурбанлық орын қурыўға киристи. 3 Олар әтираптағы халықлардан қорқса да, қурбанлық орынды оның бурынғы тийкары үстине қурып, онда азанда ҳәм кеште Жаратқан Ийеге арнап жандырылатуғын қурбанлықлар берди. 4 Соңынан Нызамда жазылғаны бойынша, Қос байрамын нышанлады ҳәм қағыйда бойынша ҳәр күн ушын белгиленген муғдарда жандырылатуғын қурбанлықлар берди. 5 Буннан соң, күнделикли жандырылатуғын қурбанлықларды, Жаңа ай байрамында ҳәм Жаратқан Ийе белгилеген барлық мухаддес байрамларда бериletуғын қурбанлықларды, Жаратқан Ийеге арнап ықтыярлы садақаларды усынды. 6 Жетинши айдың биринши күнинен баслап, олар Жаратқан Ийеге арнап жандырылатуғын қурбанлықлар бериўди баслаған еди. Бирақ еле Жаратқан Ийениң Ибадатханасының тийкары салынбаған еди.

## Ибадатхананың тийкарының қайта салыныўы

7 Израиллылар тас кесиўшилерге ҳәм усталарға гүмис теңге, Лебаноннан Яфоға теңиз жолы арқалы кедр ағашларын алып келиўи ушын сидонлылар менен тирлилерге азық-аўқат, ишимлик ҳәм зәйтүн майын берди. Буларға Персия патшасы Кир рухсат берген еди.
8 Ерусалимге, Қудайдың Үйи болған жерге келгеннен соң, екинши жылдың екинши айында Шеалтиел улы Зеруббабел, Иосадақ улы Ешуа, басқа руўханийлер, лебийлилер ҳәм сүргиннен Ерусалимге қайтқанлардың ҳәммеси исти баслады. Жигирма ҳәм оннан жоқары жаста болған лебийлилер Жаратқан Ийениң Үйиндеги ислерди қадағалаў ушын қойылды. 9 Қудайдың Үйиндеги жумысшыларды Ешуа, оның уллары ҳәм ағайинлери, Қадмиел ҳәм оның уллары, Ҳодаўияның

---

a **2:69** *61 000 дарик* – бир дарик шама менен 8.4 гр.
b **2:69** *5000 мина* – бир мина шама менен 550 гр.

пүткил урпақлары қадағалап тур-
ды. Олар бул хызметти атқарыў-
да Хенадад урпағынан болған ле-
бийлилерден жәрдем алды. 10 Қу-
рылысшылар Жаратқан Ийениң
Ибадатханасының тийкарын са-
лып болғанда, руўханийлер арнаў-
лы кийимлерин кийип, қолларына
кәрнайларын алды. Асаф урпақла-
рынан болған лебийлилер де ким-
балларын алып, Израил патшасы
Даўыт белгилеген қағыйдаға муўа-
пық, Жаратқан Ийеге алғыс-мақтаў
айтыў ушын өз орынларын ийеле-
ди. 11 Олар гезекпе-гезек:

«Жаратқан Ийе ийгиликли,
Оның Израилға болған
садықлығы мәңги даўам
етеди», –

деп Жаратқан Ийеге алғыс-мақтаў
ҳәм тәрийиплеў қосықларын айтты.

Жаратқан Ийениң Үйиниң тий-
кары салынғаны ушын, пүткил ха-
лық қатты даўыс пенен Жаратқан
Ийеге алғыс-мақтаў айта баслады.
12 Көпшилик қуўаныштан қыш-
қырған болса да, Жаратқан Ийе-
ниң бурынғы Үйин көрген көплеген
жасы үлкен руўханийлер, лебий-
лилер ҳәм урпақ басшылары бул
Үйдиң тийкарының салынғанын
көргенде өкирип жылады. 13 Ха-
лық қатты шуўласып бақырыс-
қанлықтан, қуўаныш сеслеринен
жылағанлардың даўысларын ажы-
ратыў мүмкин емес еди. Шаўқым
узақтан еситилип турды.

## Ибадатхананың қайта қурылыўына тосқынлық

4 1 Яҳуда ҳәм Бенямин урыўла-
рының душпанлары сүргиннен
қайтқанлардың Израилдың Қудайы
Жаратқан Ийеге арнап Ибадатхана
қурып атырғанын еситти. 2 Олар
Зеруббабелге ҳәм әўлад басшыла-
рына келип:

– Бизлер де сизлер менен бирге
қурылысқа қатнасайық. Себеби
бизлер де сизлер сыяқлы Қудайы-
ңызға сыйынамыз. Бизлерди усы
жерге алып келген Ассирия пат-
шасы Эсар-Хаддонның дәўиринен
бери, Оған арнап қурбанлық берип
келемиз, – деди.

3 Бирақ Зеруббабел, Ешуа ҳәм
Израилдың басқа әўлад басшыла-
ры оларға былай деп жуўап берди:

– Қудайымызға арнап Үй қурыў
ушын сизлердиң бизлер менен бир-
ге қурылысқа қатнасыўға ҳақы-
ңыз жоқ. Персия патшасы Кирдиң
буйрығы бойынша, Израилдың
Қудайы Жаратқан Ийеге арнап Үй-
ди жалғыз өзимиз қурамыз.

4 Сонда сол жердеги халықлар
Яҳуда халқын қорқытып, қурылыс
исине тосқынлық жасаўға ҳәм ис-
тен қолын суўытыўға ҳәрекет ет-
ти. 5 Душпанлар кеңесшилерге пара
берип, Персия патшасы Кирдиң
пүткил ҳүкимдарлығы даўамын-
да олардың жобаларына қарсылық
қылып келди. Бул аўҳал Персия
патшасы Дарийдиң патшалығы-
на дейин даўам етти.

## Ерусалимниң тиклениўине соңғы қарсылық

6 Жыллар өтип, Ахашўерош тахт-
қа отырып, оның патшалығы бас-
ланыўдан, душпанлар Яҳуда ҳәм
Ерусалим турғынлары үстинен ша-
ғым хат жазды. 7 Соңынан Персия
патшасы Артаксеркстиң дәўиринде
де Бишлам, Митредат, Табеел ҳәм

олардың басқа жолдаслары пат-
шаға хат жазды. Хат арамей ти-
линде жазылған болып, патшаға
аўдарып берилди. 8 Ўәкил Рехум
менен хаткер Шимшайдың пат-
ша Артаксерксске Ерусалимди қа-
ралап жазған хатының мазмуны
мынадай еди:

9 «Ўәкил Рехум, хаткер Шимшай
ҳәм олардың басқа жолдаслары:
Триполис, Персия, Эрех ҳәм Ба-
билон турғынларынан ҳәм Суза
қаласының, яғный элам халқы-
ның бийлери ҳәм ҳәмелдарлары-
нан, 10 және де, уллы ҳәм қүдиретли
Аснаппар тутқын етип әкелип, Са-
мария қалаларына ҳәм Евфраттың
арғы тәрепине қонысландырған
халықлардан».

11 Олар жиберген хаттың нусқа-
сы мынадай еди:

«Патша Артаксерксске Евфрат
дәрьясының арғы тәрепинде жа-
сайтуғын хызметшилеринен.

12 Патшаға мынаны мәлим ет-
пекшимиз: сизиң қол астыңыздан
шығып, бизге, Ерусалимге келген
яҳудийлер қозғалаңшы ҳәм жаўыз
қаланы қайта қура баслады. Олар
дийўалларды тиклеп, имаратлар-
дың тийкарларын дүзетип атыр.
13 Және мынаны да мәлим етпек-
шимиз: егер усы қала қурылып,
оның дийўаллары қайта тикленип
болынса, онда олар салғырт, салық
ҳәм бажы пулларын төлемей қоя-
ды. Нәтийжеде патша қазнасына
зыян келеди. 14 Патша сарайының
дузына өзлеримиз де шерик болға-
нымыз себепли ҳәм патшамыздың
зыянға ушыраўына қарап тура ал-
майтуғын болғанлықтан, хат жи-
берип, патшаны хабардар қылып
қоймақшымыз. 15 Егер ата-баба-
ларыңыздың жылнама китабы-
нан излетсеңиз, жазбаларда бул
қаланың қозғалаңшы, патшалар
ҳәм ўәлаятлар ушын қәўипли бол-
ғанын көресиз. Бул қала әзелден
қозғалаңның ошағы болғанлық-
тан, ўайран етилген. 16 Усы себеп-
ли патшаға мәлим етемиз: егер усы
қала қайта тикленип, дийўаллары
қайта қурылса, онда дәрьяның ар-
ғы жағындағы ийеликлериңизден
де айырыласыз».

17 Патша мынадай жуўап жиберди:
«Ўәкил Рехумға, хаткер Шимшай-
ға, Самарияда ҳәм дәрьяның арғы
тәрепинде жасайтуғын олардың
басқа жолдасларына сәлем!

18 Сизлердиң бизлерге жиберген
хатыңыз мениң алдымда оқылып,
аўдарылды. 19 Мениң буйрығым
менен излеў алып барылды ҳәм
бул қаланың әзелден патшаларға
қарсы бас көтерип келгени, қозға-
лаң ҳәм бүлгиншиликтиң мәканы
болғаны тастыйықланды. 20 Еру-
салимде Евфрат дәрьясының ар-
ғы тәрепиндеги пүткил жерлерди
ийелеп, олардан салғырт, салық
ҳәм бажы пулларын өндирген қү-
диретли патшалар жасаған екен.
21 Сонлықтан сол адамлардың исти
тоқтатыўы ушын буйрық бер. Мен
буйрық бермегенше, қаланы қай-
та қурмасын. 22 Абайлы болыңлар,
итибарсызлық етпеңлер. Патшаға
зәлел келтиретуғын зыянлы истиң
көбейиўине жол қоймаңлар».

23 Патша Артаксерксстиң бул хаты
Рехум, хаткер Шимшай ҳәм олар-
дың жолдасларының алдында оқы-
лыўдан, олар асығыс Ерусалимге,
яҳудийлердиң жанына барды ҳәм

әскерий күш пенен жумысты тоқ-
татыўға мәжбүр қылды.

### Ибадатхана қурылысын қайтадан даўам еттириў

24 Солай етип, Қудайдың Еруса-
лимдеги Үйиниң қурылысы тоқтап
қалып, Персия патшасы Дарийдиң
патшалығының екинши жылына
шекем ҳәрекетсиз турды.

**5** 1 Сол арада пайғамбар Хаггай
менен Иддо улы пайғамбар Зе-
хария Яҳуда ҳәм Ерусалимде жасай-
туғын яҳудийлерге олардың үстинен
бийлик еткен Израилдың Қудайы-
ның аты менен пайғамбаршылық
етти. 2 Сонда Шеалтиел улы Зерубба-
бел ҳәм Иосадақ улы Ешуа Қудайдың
Ерусалимдеги Үйин қайта қурыўды
баслады. Қудайдың пайғамбарлары
да олар менен бирге болып, оларға
жәрдем берди.
3 Сол ўақытта Евфраттың арғы
тәрепиндеги үлкениң ҳәкими Тат-
тенай, Шетар-Бознай ҳәм олардың
жолдаслары яҳудийлерге келип:
«Мына Үйди қурып, бул қурылысты
қайта тиклеўге сизлерге ким рухсат
берди?» – деп сорады. 4 Олар бул
қурылысты алып барып атырған
адамлардың атларын да сорады.
5 Бирақ Қудай яҳудий ақсақалла-
рына нәзерин салған еди. Персия
ҳәмелдарлары бул ис туўралы Да-
рийге бир хат жиберген болып, сол
хатқа жуўап келмегенше, яҳудий-
лерди тоқтатпады.
6 Дәрьяның арғы тәрепиндеги
үлкениң ҳәкими Таттенай, Ше-
тар-Бознай, олардың жолдаслары,
яғный сол үлкениң ҳәмелдарла-
ры патша Дарийге хат жазып,
нусқасын жиберди. 7 Олар патша
Дарийге жоллаған хатта былай деп
жазылған еди:
«Патша Дарийге тынышлық ти-
леймиз! 8 Патшаға мыналарды
билдирмекшимиз: бизлер Яҳуда
ўәлаятына, уллы Қудайдың Үйине
бардық. Ол үлкен таслардан қуры-
лып, дийўалларына ағашлар қосып
қаланып атыр. Бул жумыс жедел
пәт алған болып, олардың қолла-
рында табыслы кетип атыр. 9 Биз-
лер сол жердеги ақсақаллар менен
сөйлесип, олардан: „Мына Үйди
қурып, бул қурылысты қайта тик-
леўге сизлерге ким рухсат берди?“ –
деп сорадық. 10 Буның үстине, сизге
мағлыўмат ретинде жазып жибериў
ушын олардың басшыларының ат-
ларын да сорадық.
11 Олар бизлерге былай деп жу-
ўап берди: „Бизлер аспан ҳәм жер-
диң Қудайының қулларымыз.
Бизлер көп жыллар бурын қурыл-
ған Қудайдың Үйин қайта тиклеп
атырмыз. Бул Үй Израилдың бир
уллы патшасы тәрепинен қурып
питкерилген еди. 12 Бирақ ата-ба-
баларымыз аспанның Қудайын
ғәзеплендиргени ушын, Қудай
оларды Бабилония патшасы кал-
дейли Набуходоносорға тәслим
етти. Ол бул Үйди ўайран етип, ха-
лықты Бабилонияға сүргин қылды.
13 Деген менен, Бабилония патша-
сы Кир өз ҳүкимдарлығының би-
ринши жылында усы Қудайдың
Үйи қайта тикленсин деп, пәр-
ман шығарды. 14 Набуходоносор
Қудайдың Ерусалимдеги Үйинен
алтын ҳәм гүмис ыдысларды алып
кетип, Бабилондағы ибадатхана-
ға апарып қойған еди. Патша Кир

Бабилондағы ибадатханадан сол
ыдысларды алдырып, өзи ҳәким
етип тайынлаған Шешбассар деген
адамға қайтарып берди. [15] Патша
Кир Шешбассарға: „Бул ыдысларды
апарып, Ерусалимдеги Ибадатхана-
ға қой. Ал Қудайдың Үйи өз орнына
қайта қурылсын“, – деди. [16] Солай
етип, Шешбассар келип, Қудайдың
Ерусалимдеги Үйиниң тийкарын
қойды. Соннан бери қурылыс да-
ўам етпекте, еле тамамланбады“.
[17] Егер патшаға мақул болса, Ба-
билониядағы ҳүжжетлер сақла-
натуғын архив тексерилип, патша
Кирдиң Қудайдың Ерусалимдеги
Үйин қурыўға рухсат бергени ямаса
бермегени анықлансын. Соңынан
патша өз қарарын бизлерге жазып
жиберсин».

### Дарийдиң буйрығы

6 [1] Буннан соң, патша Дарийдиң
буйрығы бойынша, Бабилония-
дағы ҳүжжетлер сақланатуғын ар-
хивте излеў ислери алып барылды.
[2] Архив Мидия ўәлаятының пайтах-
ты Ахмета қорған қаласында болып,
ол жерден бир орама ҳүжжет табыл-
ды. Онда былай деп жазылған еди:
«Есте сақлаў ушын: [3] патша Кир-
диң ҳүкимдарлығының биринши
жылында Қудайдың Ерусалимдеги
Үйи ҳаққында Кир мынадай пәрман
шығарды: „Қудайдың Үйи қурбан-
лық усынылатуғын орында, бурын-
ғы тийкары үстине қайта қурылсын.
Оның бийиклиги алпыс шығанақ,
ени де алпыс шығанақ болсын.
[4] Дийўаллары үш қатар үлкен тас-
лардан ҳәм бир қатар ағаштан қу-
рылсын. Ал кететуғын қәрежетлер
болса, патша қазнасынан төленсин.
[5] Буннан тысқары, Қудайдың Үйи-
ниң алтын ҳәм гүмис ыдыслары,
яғный Набуходоносордың Еруса-
лимдеги Ибадатханадан Бабилонға
алып келген ыдыслары да қайтарып
берилсин. Олар Ерусалимдеги Иба-
датханаға, өз орнына алып бары-
лып, Қудайдың Үйине қойылсын“».
[6] Сонда патша Дарий мына хат-
ты жоллады:
«Солай етип, дәрьяның арғы тә-
репиндеги үлкениң ҳәкими Tатте-
най, Шетар-Бознай ҳәм олардың
жолдаслары, яғный дәрьяның ар-
ғы тәрепинде жасаўшы ҳәмелдар-
лар! Ол жерге жақынласпаңлар.
[7] Қудайдың Үйиндеги ислерге ара-
ласпаңлар. Яҳуда ҳәкими ҳәм яҳу-
дийлердиң ақсақаллары Қудайдың
Үйин бурынғы орнына қайта тикле-
син. [8] Буннан тысқары, Қудайдың
Үйиниң қурылысы ушын яҳудий
ақсақалларына жәрдем ретинде
нелер ислеўиңиз кереклиги туўра-
лы сизлерге мыналарды буйыра-
ман: бул адамлардың жумсайтуғын
қәрежетлери толық патша қазна-
сынан төленетуғын болғанлық-
тан, жумыс тоқтап қалмаўы ушын,
дәрьяның арғы тәрепинен жыйна-
латуғын салықлардан тез оларға
бериңлер. [9] Ерусалимдеги руўха-
нийлер талап еткен ҳәмме нәрсе:
аспанның Қудайына арнап жан-
дырылатуғын қурбанлықлар ушын
таналар, қошқарлар, тоқлылар, жә-
не де, бийдай, дуз, шарап ҳәм зәй-
түн майы ҳәр күни иркинишсиз
берилсин. [10] Солай етип, олар ас-
панның Қудайына унайтуғын қур-
банлықлар берсин, патша ҳәм оның
улларының өмири ушын дуўа ет-
син. [11] Тағы да мынаны буйыраман:

егер ким де ким бул пәрманды өз-
гертсе, онда сол адамның үйинен
бир бөрене алып шығылып, сол
адам бөренениң ушына илдирип
өлтирилсин, ал үйи қарабақанаға
айландырылсын. [12] Өз атын сол
жерде орнатқан Қудай бул пәрман-
ды өзгертиуге ямаса Қудайдың
Ерусалимдеги Үйин жоқ қылыўға
урынған хәр бир патшаны яки ха-
лықты жоқ қылсын. Мен, Дарий
усы буйрықты бердим. Буйрығым
толық орынлансын».

### Ибадатхананың бағышланыўы

[13] Сонда дәрьяның арғы тәре-
пиндеги үлкениң хәкими Таттенай,
Шетар-Бознай хәм олардың жолдас-
лары патша Дарийдиң буйрығын
толық орынлады. [14] Яхудий ақса-
қаллары қурылысты даўам етти хәм
пайғамбарлар Хаггай менен Иддо
улы Зехарияның пайғамбаршылық
сөзлеринен жигер алып, олардың
ислери табыслы болды. Олар Из-
раилдың Қудайының буйрығы хәм
Персия патшалары Кир, Дарий хәм
Артаксеркстиң пәрманы бойын-
ша Ибадатхананы қурып питкерди.
[15] Қудайдың Үйиниң қурылысы пат-
ша Дарийдиң хүкимдарлығының
алтыншы жылында, адар айының
үшинши күни тамамланды.
[16] Израиллылар: руўханийлер,
лебийлилер хәм сүргиннен қайт-
қанлардың хәммеси Қудайдың
Үйиниң бағышланыўын қуўаныш
пенен байрамлады. [17] Олар Қудай-
дың Үйиниң бағышланыўына ар-
нап жүз тана, еки жүз қошқар хәм
төрт жүз тоқлы шалды, ал Израил
урыўларының саны бойынша он
еки текени пүткил Израил халқы-
ның гүналары ушын гүна қурбан-
лығы ретинде қурбанлыққа берди.
[18] Соңынан Муўсаның китабында
жазылғанындай, руўханийлерди
топарлары хәм лебийлилерди ша-
қаплары бойынша Ерусалимде-
ги Қудайдың Ибадатханасындағы
хызметке қойды.

### Қутқарылыў байрамының нышанланыўы

[19] Биринши айдың он төртинши
күни сүргиннен қайтқанлар Қут-
қарылыў байрамын нышанлады.
[20] Себеби руўханийлер менен ле-
бийлилер өзлерин пәклеў рәси-
минен өткерген болып, олардың
хәммеси пәк еди. Лебийлилер сүр-
гиннен қайтқанлардың хәммеси
ушын, руўханий туўысқанлары
ушын хәм өзлери ушын Қутқары-
лыў байрамының қурбанлығын
шалды. [21] Сүргиннен қайтқан Из-
раил халқы хәм Израилдың Қудайы
Жаратқан Ийеге сыйыныў ушын,
өзлерин әтираптағы халықлардың
напәкликлеринен сақлаған адам-
лардың хәммеси қурбанлық гөши-
нен жеди. [22] Олар жети күн қуўаныш
пенен Ашытқысыз нан байрамын
байрамлады. Себеби Жаратқан Ийе
оларды қуўанышқа бөлеген еди хәм
Израилдың Қудайы болған Қудай-
дың Үйиниң қурылысына жәрдем
бериў ушын Ассирия патшасының
жүрегин жибиткен еди.

### Эзраның Ерусалимге келиўи

7 [1] Бул ўақыялардан кейин, Пер-
сия патшасы Артаксерксттиң хү-
кимдарлығы дәўиринде Эзра деген
бир адам жасады. Ол Серая улы еди,

Серая Азария улы, Азария Хилкия
улы, [2] Хилкия Шаллум улы, Шал-
лум Садоқ улы, Садоқ Ахитуб улы,
[3] Ахитуб Амария улы, Амария Аза-
рия улы, Азария Мерайот улы, [4] Ме-
райот Зерахия улы, Зерахия Уззий
улы, Уззий Буккий улы, [5] Буккий
Абишуа улы, Абишуа Пинехас улы,
Пинехас Элазар улы, ал Элазар бас
руўханий Харонның улы еди.

[6] Усы Эзра Бабилониядан Еру-
салимге келди. Эзра Израилдың
Қудайы Жаратқан Ийениң Мууса-
ға берген Нызамын жетик билету-
ғын улама еди. Қудайы Жаратқан
Ийениң қолы оның үстинде бол-
ғанлығы себепли, патша оған со-
раған нәрсесиниң ҳәммесин берди.
[7] Патша Артаксеркстиң ҳүкимдар-
лығының жетинши жылы Израил
халқынан айырым адамлар, сондай-
ақ руўханийлерден, лебийлилерден,
қосықшылардан, дәрўаза қараўыл-
ларынан ҳәм Ибадатхана хызмет-
шилеринен айырымлары да оның
менен бирге Ерусалимге қайтты.

[8] Эзра Ерусалимге келгенде, Арта-
ксеркстиң ҳүкимдарлығының же-
тинши жылының бесинши айы еди.
[9] Ол биринши айдың биринши кү-
ни Бабилониядан жолға шығып, өз
Қудайының мийримли қолы астын-
да бесинши айдың биринши күни
Ерусалимге жетип келди. [10] Себеби
Эзра өз өмирин Жаратқан Ийениң
Нызамын үйрениўге, оларды орын-
лаўға ҳәм Израилда қағыйда ҳәм ны-
замларды үйретиўге бағышлаған еди.

## Патша Артаксеркстиң Эзраға берген хаты

[11] Жаратқан Ийениң буйрықла-
рын ҳәм Оның Израилға берген
қағыйдаларын жақсы билетуғын
улама ҳәм руўханий Эзраға пат-
ша Артаксеркстиң берген хатының
мазмуны мынадай еди:

[12] «Патшалар патшасы Арта-
ксеркстен аспанның Қудайының
Нызамын жетик билетуғын улама,
руўханий Эзраға сәлем!

[13] Мен мынаны буйыраман: пат-
шалығымда жасайтуғын Израил
халқынан болған ҳәр бир адам-
ның, сондай-ақ сениң менен бирге
Ерусалимге кетиўди қәлеген руў-
ханийлердиң ҳәм лебийлилердиң
кетиўине рухсат беремен. [14] Сен
қолыңдағы Қудайдың Нызамына
тийкарланып, Яҳуда менен Еруса-
лимдеги жағдайды үйрениў ушын
патша ҳәм оның жети мәсләҳәтши-
си тәрепинен жиберилип атырсаң.
[15] Ерусалимде мәкан басқан Изра-
илдың Қудайына арнап, патша ҳәм
оның жети мәсләҳәтшиси ықтыяр-
лы түрде берген гүмис ҳәм алтын-
ларды сол жерге жеткересең. [16] Және
де, Бабилон ўәлаятынан өзиң жый-
найтуғын барлық гүмис ҳәм ал-
тынды, өзлериниң Қудайының
Ерусалимдеги Үйине арнап халық
ҳәм руўханийлер берген ықтыяр-
лы садақаларды да алып кетесең.

[17] Бул пулларға сен таналар, қош-
қарлар, тоқлылар, олардың ғәл-
ле садақаларын ҳәм ишимлик
садақаларын сатып ал. Оларды
Қудайыңның Ерусалимдеги Үйи-
ниң қурбанлық орнында қурбан-
лыққа бер. [18] Қалған гүмис ҳәм
алтынларды туўысқанларың ме-
нен бирге Қудайдың еркине сай
қәлегениңше ислет. [19] Қудайың-
ның Үйиндеги хызметке қолла-
ныў ушын берилген ыдысларды

Ерусалимниң Қудайына тапсыр.
[20] Қудайыңның Үйи ушын не нәрсе
талап етилсе де, жеткизиўиң керек
болған ҳәр бир нәрсени патшаның
қазнасынан аларсаң.
[21] Енди мен, патша Артаксеркс
дәрьяның арғы тәрепиндеги үлке-
ниң барлық қазнашыларына бу-
йыраман: аспанның Қудайының
Нызамы бойынша улама, руўханий
Эзраның сизлерден талап қылған
нәрсесиниң ҳәммесин сөзсиз бериң-
лер. [22] Оған 100 талантқа[a] шекем гү-
мис, 100 корға[b] шекем бийдай, 100
батқа[c] шекем шарап, 100 батқа ше-
кем зәйтүн майы ҳәм қәлегенинше
дуз бериңлер. [23] Аспанның Қудайы
Өз Үйи ушын нени буйырса, соны
булжытпай орынлаңлар. Оның ғә-
зебин мениң ҳәм улларымның пат-
шалығына қарсы лаўлатыўдың не
кереги бар? [24] Мынаны да билип
қойыңлар: руўханийлердиң, ле-
бийлилердиң, қосықшылардың,
дәрўаза қараўылларының, Үй хыз-
метшилериниң ҳәм Қудайдың сол
Үйиндеги басқа хызметшилердиң
ҳеш биринен салғырт та, салық та,
бажы пулы да алынбасын.
[25] Саған келсек, Эзра, Қудайың-
ның өзиңе берген даналығы менен
ҳәкимлер ҳәм қазылар тайынла.
Олар дәрьяның арғы тәрепиндеги
сениң Қудайыңның нызамларын
билетуғын барлық халықты ҳүким
етсин. Ал нызамларды билмейту-
ғынларға тәлим бер. [26] Қудайың-
ның нызамларына ҳәм патшаның
буйрықларына бойсынбағанлар
жазаға тартылсын: өлимге ҳүким
етилсин, сүргинге жиберилсин,
мал-мүлки тартып алынсын яки
сөзсиз қамаққа таслансын».

## Эзраның Қудайды алғыслаўы

[27] Жаратқан Ийениң Ерусалим-
деги Үйине ҳүрмет көрсетиў ушын
патшаның жүрегине усындай қә-
леўди салған ата-бабаларымыздың
Қудайы Жаратқан Ийеге алғыслар
болсын! [28] Ол патшада, оның мәсләҳ-
ҳәтшилеринде ҳәм барлық күшли
басшыларында маған деген мий-
рим оятты. Қудайым Жаратқан
Ийениң қолы мениң үстимде бол-
ғанлықтан жигерленди ҳәм өзим
менен алып кетиў ушын Израил-
дың басшыларын топладым.

## Эзра менен бирге Ерусалимге қайтып келгенлердиң дизими

**8** [1] Артаксеркстиң патшалығы
дәўиринде мениң менен бирге
Бабилониядан келген урпақ басшы-
лары ҳәм олардың дизими мынадай:
[2] Пинехас урпағынан Гершом,
Итамар урпағынан Даниел,
Даўыттың нәсилинен болған
[3] Шекания урпағынан Хаттуш;
Парош урпағынан Зехария ҳәм
оның менен бир нәсилден дизимге
алынған 150 еркек;
[4] Пахат-Моаб урпағынан Зера-
хия улы Элиеҳоенай ҳәм оның
менен бирге 200 еркек;
[5] Затту урпағынан Яхазиел улы
Шекания ҳәм оның менен бирге
300 еркек;

---

[a] **7:22** *100 талант* – бир талант шама менен 34 кг.
[b] **7:22** *100 кор* – бир кор шама менен 220 л.
[c] **7:22** *100 бат* – бир бат шама менен 22 л.

[6] Адин урпағынан Ионатан улы Эбед ҳәм оның менен бирге 50 еркек;
[7] Элам урпағынан Аталия улы Ешая ҳәм оның менен бирге 70 еркек;
[8] Шефатия урпағынан Михаил улы Зебадия ҳәм оның менен бирге 80 еркек;
[9] Иоаб урпағынан Ехиел улы Обадия ҳәм оның менен бирге 218 еркек;
[10] Баний урпағынан Иосифияның улы Шеломит ҳәм оның менен бирге 160 еркек;
[11] Бебай урпағынан Бебай улы Зехария ҳәм оның менен бирге 28 еркек;
[12] Азгад урпағынан Ҳаққатан улы Юханан ҳәм оның менен бирге 110 еркек;
[13] Адониқамның Элифелет, Еиел, Шемая деген ең соңғы уллары ҳәм олар менен бирге 60 еркек;
[14] Бигўай урпағынан Утай, Заккур ҳәм олар менен бирге 70 еркек.

## Ерусалимге қайтыў

[15] Мен оларды Аҳаўаға қарай ағып турған өзектиң бойына топ-
ладым. Бизлер сол жерде үш күн
турдық. Мен халық ҳәм руўханий-
лер арасынан лебийлилерди изле-
дим, бирақ Лебий урпағынан ҳеш
кимди таба алмадым. [16] Сонлықтан
басшылардан Элиезерди, Ариел-
ди, Шемаяны, Элнатанды, Ярибти,
Элнатанды, Натанды, Зехарияны,
Мешулламды ҳәм алымлардан Ио-
яриб пенен Элнатанды шақырттым.
[17] Оларды Касифия деген жердиң
басшысы Иддо деген адамға жибер-
дим. Олардың Қудайдың Үйинде
хызмет ететуғын адамларды жи-
бериўи ушын, Иддоға ҳәм Касифия
деген жердеги Ибадатхана хызмет-
шилери болған туўысқанларына
нелерди айтыўы кереклигин үй-
реттим. [18] Қудайымыздың мий-
римли қолы бизлердиң үстимизде
болғанлығы себепли, олар Изра-
илдың улы Лебийдиң нәсилинен,
Махлийдиң урпағынан Шеребия
деген дана бир адамды жиберди.
Ол өзи менен бирге уллары ҳәм ту-
ўысқанларынан 18 адамды әкелди.
[19] Сондай-ақ, Хашабияны, Мерарий
урпағынан Ешаяны ҳәм туўысқан-
лары менен олардың улларынан
20 адамды, [20] лебийлилерге жәр-
демлесиў ушын Даўыт ҳәм оның
хызметшилери қойған Ибадатха-
на хызметшилеринен 220 адамды
алып келди. Олардың ҳәммеси ат-
па-ат дизимге алынған.
[21] Сонда Қудайымызға бойсыныў,
Оннан өзлеримиз, балаларымыз
ҳәм пүткил дүнья малымыз ушын,
ҳақ жол сораў ушын Аҳаўа өзеги-
ниң бойында ораза жәрия еттим.
[22] Бизлер патшаға: «Қудайымыз
Өзин излегенлердиң ҳәммесиниң
үстине мийримли қолын қояды,
ал Өзинен жүз бурғанларға күш-
ли ғәзебин шашады», – деген едик.
Сонлықтан жолда бизлерди душ-
паннан қорғаў ушын әскерлер ҳәм
атлылар сораўға уялдым. [23] Солай
етип, бизлер ораза тутып, Қудайы-
мызға жолымыз ушын жалбарын-
дық, Ол да дуўамызды қабыл етти.

## Ибадатхана ушын саўғалар

[24] Соңынан басшы руўханий-
лер арасынан он екисин: Шере-
бияны, Хашабияны ҳәм олардың

туўысқанларынан онын таңлап
алдым. [25] Кейин патшаның, оның
мәсләҳәтшилериниң, басшылары-
ның ҳәм сол жердеги пүткил изра-
иллылардың Қудайымыздың Үйи
ушын берген барлық садақаларын:
гүмисти, алтынды ҳәм ыдысларды
тәрезиге тартып, оларға бердим.
[26] Мен оларға берген затлардың өл-
шеми мынадай еди: 650 талант гү-
мис, 100 талантлық гүмис ыдыслар,
100 талант алтын. [27] Нарқы 1000
дарик болған 20 алтын тостаған,
алтындай қунлы, жылтыр мыстан
исленген еки ыдыс. [28] Мен оларға
былай дедим: «Сизлер – Жаратқан
Ийениң мухаддесисизлер, ыдыс-
лар да мухаддес. Гүмис ҳәм алтын –
сизлердиң ата-бабаларыңыздың
Қудайы Жаратқан Ийеге берилген
ықтыярлы садақалар. [29] Руўханий-
лердиң басшылары, лебийлилер
ҳәм израиллылардың урпақ бас-
шылары алдында өлшеп, Жаратқан
Ийениң Ерусалимдеги Үйиниң қаз-
насына тапсырғаныңызша сергек
болып, оларды сақлаңлар». [30] Со-
лай етип, руўханийлер ҳәм лебий-
лилер Ерусалимге, Қудайымыздың
Үйине алып барыў ушын, тәрезиге
тартылған гүмисти, алтынды ҳәм
ыдысларды қабыл етип алды.

[31] Бизлер биринши айдың он
екинши күни Ерусалимге барыў
ушын Аҳаўа өзеги бойынан жол-
ға шықтық. Қудайымыздың қо-
лы бизлердиң үстимизде болып,
жолымызда Ол бизлерди душ-
панлардың ҳүжиминен ҳәм қарақ-
шылардан қорғады. [32] Солай етип,
бизлер Ерусалимге жетип келип, ол
жерде үш күн дем алдық.

[33] Төртинши күни Қудайымыз-
дың Үйине барып, гүмисти, алтын-
ды ҳәм ыдысларды тәрезиге тартып,
Урия улы руўханий Меремотқа тап-
сырдық. Пинехас улы Элазар оның
қасында болды. Лебийли Ешуа улы
Иозабад ҳәм Биннуй улы Ноадия
да олар менен бирге еди. [34] Ҳәр бир
нәрсе саналды ҳәм тәрезиге тар-
тылды. Өлшенген затлардың ҳәм-
меси сол ўақытта жазып қойылды.

[35] Тутқыннан келгенлер, яғный
сүргиннен қайтып келгенлер Из-
раилдың Қудайына арнап, жанды-
рылатуғын қурбанлықлар берди.
Олар пүткил израиллылар ушын
он еки буға, тоқсан алты қошқар,
жетпис жети тоқлы шалды. Ал гү-
на қурбанлығы ушын он еки теке-
ни қурбанлыққа шалды. Булардың
ҳәммеси Жаратқан Ийеге усыныл-
ған жандырылатуғын қурбанлық-
лар еди. [36] Сүргиннен қайтқанлар
патшаның буйрықларын патшаның
найыпларына[a] ҳәм дәрьяның арғы
тәрепиндеги ўәлаятларының ҳә-
кимлерине берди. Олар да Израил
халқын ҳәм Қудайдың Үйин қол-
лап қуўатлайтуғын болды.

### Эзраның дуўасы

**9** [1] Бул ўақыялардан кейин, бас-
шылар алдыма келип былай
деди: «Израил халқы, ҳәтте, руў-
ханийлер менен лебийлилер де ай-
наламыздағы халықлардың: қанан,
хет, периз, ебус, аммон, моаб, амор
халықларының ҳәм мысырлылар-

---

[a] **8:36** *Найыплар* – Персия империясында жоқары лаўазымды ийелеген бас-
шылар. Олар бириккен бир неше ўәлаятларды басқаратуғын еди.

дың жеркенишли нәрселеринен еле
арылмады. 2 Себеби өзлери де, улла-
ры да усы халықлардың қызларына
үйленген. Усылайынша мухаддес
тұқым әтираптағы халықлар менен
араласып кеткен. Басшылар ҳәм хыз-
меткер адамлар бул опасызлыққа
бас болды».
3 Мен бул гәплерди еситкенимде,
көйлек-шапанымды жыртып, шаш-
сақалымды жулып, қатты қапа бо-
лып жерге отырып қалдым. 4 Сонда
сүргиннен қайтқанлардың опасыз-
лығына байланыслы, Израилдың
Қудайының сөзлеринен қорққан-
лардың ҳәммеси мениң жаныма
топланды. Мен болсам, кешки қур-
банлық ўақтына шекем қайғыға
батып отырдым. 5 Ал кешки қур-
банлық ўақтында қайғыға батып,
көйлек-шапаным жыртылған ҳалда
отырған орнымнан турдым. Дизер-
леп отырып қолларымды жайып,
Қудайым Жаратқан Ийеге 6 бы-
лай дедим: «Қудайым! Басымды
көтерип Саған қараўға уялып ҳәм
қысынып турман. Себеби гүна-
мыз басымыздан асып, айыбымыз
аспанға жеткен. 7 Ата-бабаларымы-
мыздың заманынан баслап усы
күнге шекем айыпқа көмилип қал-
ғанбыз. Гүнамыз себепли бизлер
өзлеримиз, патшаларымыз, руў-
ханийлеримиз басқа еллердиң пат-
шаларының қолына тапсырылдық,
өлтирилдик, тутқынға алындық,
таландық ҳәм бүгингидей шермен-
де болдық. 8 Бирақ бүгин Қудайы-
мыз Жаратқан Ийе! Сен бизлерге
қысқа ўақытқа мийрим көрсетип,
айырымларымызды тири қалдыр-
дың. Қуллықта болғанымызда кө-
зимизге нур бериў ҳәм аз ғана болса
да, еңсемизди көтериў ушын, Өзиң-
ниң мухаддес орныңнан мәкан жай
бердиң.
9 Себеби бизлер қуллар едик. Би-
рақ Қудайымыз, Сен бизлерди
қуллыққа таслап қоймадың. Сен
Персия патшаларының жүрегин-
де бизлерге деген мийрим ояттың.
Өзиңниң Үйиңди қурыўымыз ҳәм
қарабақанаға айланған Үйди қай-
та тиклеўимиз ушын жаңа өмир
бердиң. Және де, Ерусалимде ҳәм
Яҳудада бизлерге қорғаныў дий-
ўалын бердиң.
10 Ал енди, Қудайымыз, буннан
кейин не дей аламыз? Өйткени Се-
ниң буйрықларыңнан жүз бурдық.
11 Сен Өз қулларың пайғамбарлар
арқалы мынадай буйрық берген
едиң: „Сизлер ийелик етиў ушын
кирип атырған жер – ҳарам жер.
Ол сол жерде жасап атырған ха-
лықлардың ҳарамлықлары ҳәм
жеркенишли дәстүрлери менен ҳа-
рамланған. Олар елди бастан ая-
ғына өз напәклигине толтырған.
12 Сонлықтан олар менен қыз бе-
рисип, қыз алыспаңлар. Ҳеш қашан
олардың тынышлығы ҳәм ийгили-
ги ушын ҳәрекет етпеңлер. Сонда
күшли боласыз, бул жердиң өними-
нен жеп, оларды өз балаларыңыз-
ға мәңгиге мийрас етип бересиз“.
13 Басымызға түскенлердиң ҳәмме-
си өзлеримиздиң жаман ислеримиз
ҳәм үлкен айыбымыз себепли бол-
ды. Бирақ Сен, Қудайымыз, биз-
лерди ислеген исимизге қарағанда
жеңил жазаладың ҳәм айырымла-
рымызды тири қалдырдың. 14 Енди
қалайынша және Сениң буйрық-
ларыңды бузып, усындай жерке-
нишли ислерди ислеп атырған

халықлар менен қуда-тамыр бола
аламыз? Егер солай ислесек, онда
Сен бизлерге ғәзепленип, бирде би-
реўимизди тири қалдырмай, қы-
рып тасламайсаң ба? [15] Израилдың
Қудайы Жаратқан Ийе! Сен әдил-
сең. Бүгинги күнге келип бизлер
аман қалдық. Сениң алдыңда ту-
рыўға ҳақымыз болмаса да, мине,
бизлер өз айыпларымызды арқа-
лап, Сениң алдыңда турмыз».

## Аралас некеге шек қойыў жобасы

**10** [1] Эзра Қудайдың Үйиниң
алдында жер баўырлап жы-
лаўы менен гүналарды мойынлап,
дуўа етип атырғанда, израиллы-
лардың үлкен бир жыйыны: ер-
кеклер, ҳаяллар ҳәм балалар оның
жанына жыйналды. Олар да зар
еңиреп, жылап турды. [2] Сонда Элам
урпағынан Ехиел улы Шекания Эз-
раға былай деди:
– Бизлер басқа миллет қызларына
үйленип, Қудайымыздың алдын-
да опасызлық еттик. Деген менен,
израиллылар ушын еле үмит бар.
[3] Енди Қудайымыз бенен кели-
сим дүзейик. Мырзам, сизиң ҳәм
Қудайымыздың буйрықларын қә-
дирлейтуғынлардың мәсләҳәти бо-
йынша, басқа миллеттен алынған
барлық ҳаяллар менен ажырасып,
оларды балалары менен бирге бо-
сатып жиберейик. Буны Нызамға
сай түрде ислейик. [4] Қәне, орны-
ңыздан турың! Себеби бул ис сизге
жүкленген, ал бизлер сизди қоллап
қуўатлаймыз. Руўхыңызды көте-
рип, иске кирисиң!
[5] Сонда Эзра орнынан турды. Ол
руўханийлердиң басшыларына,
лебийлилерге ҳәм пүткил изра-
иллыларға усы айтылғанларды
орынлаймыз деп, ант ишиўди бу-
йырды. Олар ант ишти. [6] Кейин
Эзра Қудайдың Үйиниң алдынан
турып, Эляшиб улы Еҳоханан-
ның бөлмесине барды. Сол жерде
болғанда, ол сүргиннен қайтқан-
лардың опасызлығы ушын аза ту-
тыўын даўам етип, нан да жемеди,
суў да ишпеди.
[7] «Сүргиннен қайтқанлардың
ҳәммеси Ерусалимге жыйнал-
сын», – деп Яҳуда ҳәм Ерусалим
бойлап жар салынды. [8] Және де:
«Егер ким де ким үш күн ишинде
келмесе, басшылардың ҳәм ақса-
қаллардың қарары бойынша оның
барлық мал-мүлки тартып алынып,
өзи сүргиннен келгенлер жәмийе-
тинен шығарып жибериледи», – деп
хабарланды. [9] Сонда пүткил Яҳуда-
ның ҳәм Бенямин урыўының адам-
лары үш күн ишинде Ерусалимге
жыйналды. Бул тоғызыншы айдың
жигирмаланшы күни еди. Пүткил
халық Қудайдың Үйи алдындағы
майданда отырды. Олар ҳәм усы
истен, ҳәм қуйып жаўған жаўыннан
дирилдер еди. [10] Руўханий Эзра ор-
нынан турып, оларға былай деди:
– Сизлер опасызлық еттиңлер,
басқа миллет қызларына үйле-
нип, Израилдың айыбына айып
жамадыңлар. [11] Енди ата-бабала-
рыңыздың Қудайы Жаратқан Ийе
алдында гүналарыңызды мойын-
лап, Оның еркин орынлаңлар. Әти-
рапыңыздағы халықлардан ҳәм
басқа миллеттен алынған ҳаял-
лардан айырылыңлар.
[12] Сонда пүткил жәмийет жуўап бе-
рип, бәлент даўыс пенен былай деди:

– Аўа, сиз ҳақсыз. Сиз не айтса-
ңыз, соны ислеймиз. 13 Деген ме-
нен, халық көп, жаўын да қуйып
тур, ашық жерде турыўға димары-
мыз қалмады. Бул бир-еки күнлик
ис емес, себеби бизлердиң көпши-
лигимиз усы исте гүна ислегенбиз.
14 Басшыларымыз пүткил жәми-
йет атынан ўәкиллик қылсын. Ал
қалаларымыздағы басқа миллет
қызларына үйленген адамлардың
ҳәммеси белгиленген ўақытта өз
қалаларының ақсақаллары ҳәм
қазылары менен бирге усы жер-
ге келсин. Қудайымыздың усы ис
себепли лаўлаған ғәзеби қайтқан-
ға шекем усылай исленсин.
15 Бул усынысқа тек Асаҳел улы
Ионатан ҳәм Тиқўа улы Яхзея қар-
сы болды, ал Мешуллам ҳәм ле-
бийли Шаббетай болса, буларды
қоллап қуўатлады. 16 Сүргиннен
қайтқанлар айтылғандай иследи.
Руўханий Эзра ҳәр бир урпақтың
урпақ басшысын атпа-ат таңлап ал-
ды. Оныншы айдың биринши күни
олар бул исти изертлеўге отырды.
17 Биринши айдың биринши күни
олар басқа миллет қызларына үй-
ленгенлердиң ҳәммесиниң исин
қарап болды.

## Басқа миллет қызларына үйленгенлер дизими

18 Руўханийлер урпағы арасын-
да басқа миллет қызларына үй-
ленгенлер:
Иосадақ улы Ешуаның ҳәм оның
туўысқанларының урпақларынан:
Маасея, Элиезер, Яриб ҳәм Геда-
лия. 19 Олар ҳаялларынан ажы-
расыўға сөз берди ҳәм ҳәр бири
сүриўден бир қошқарды өз айыбы
ушын айып қурбанлығы ретинде
қурбанлыққа берди.
20 Иммер урпағынан: Хананий
ҳәм Зебадия;
21 Харим урпағынан: Маасея,
Илияс, Шемая, Ехиел, Уззия;
22 Пашхур урпағынан: Элйоенай,
Маасея, Исмайыл, Нетанел, Иоза-
бад, Эласа;
23 Лебийлилерден: Иозабад,
Шимей, Келая, яғный Келита, Пе-
тахия, Яҳуда, Элиезер;
24 Қосықшылардан: Эляшиб;
Дәрўаза қараўылларынан: Шал-
лум, Телем, Урий.
25 Басқа израиллылардан:
Парош урпағынан: Рамия, Из-
зия, Малкия, Миямин, Элазар,
Малкия, Беная;
26 Элам урпағынан: Маттания,
Зехария, Ехиел, Абдий, Еремот,
Илияс;
27 Затту урпағынан: Элйоенай,
Эляшиб, Маттания, Еремот, Забад,
Азиза;
28 Бебай урпағынан: Еҳоханан,
Ханания, Заббай, Атлай;
29 Баний урпағынан: Мешул-
лам, Маллух, Адая, Яшуб, Шеал,
Рамот;
30 Пахат-Моаб урпағынан: Адна,
Келал, Беная, Маасея, Маттания,
Бесалел, Биннуй, Менашше;
31 Харим урпағынан: Элиезер,
Ишшия, Малкия, Шемая, Шимон,
32 Бенямин, Маллух, Шемария;
33 Хашум урпағынан: Маттенай,
Маттата, Забад, Элифелет, Еремай,
Менашше, Шимей;
34 Баний урпағынан: Маадай,
Амрам, Уўел, 35 Беная, Бедея, Ке-
луҳу, 36 Ўанея, Меремот, Эляшиб
37 Маттания, Маттенай, Ясай,

[38] Баний, Биннуй, Шимей, [39] Ше-
лемия, Натан, Адая, [40] Махнадбай,
Шашай, Шарай, [41] Азарел, Шеле-
мия, Шемария, [42] Шаллум, Ама-
рия, Юсуп;

[43] Небо урпағынан: Еиел, Мат-
тития, Забад, Зебина, Яддай, Иоел,
Беная.

[44] Бул адамлардың ҳәммеси басқа
миллет қызларына үйленген бо-
лып, олардың айырымларының
балалары да бар еди.

# Нехемия китабы

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Бул китап Персия патшасының сарайында хызмет еткен яҳудий ҳәмелдары Нехемияның аты менен аталған. Китапта баян етилген ўақыялар Эзра китабындағы ўақыялардың даўамы. Нехемия Ерусалимге Эзрадан кейин, Персия патшасы Артаксеркс ҳүкимдарлығы дәўиринде, б. э. ш. 445-жылы қайтып келеди.

Нехемия Сузадағы патшаның қорған каласында жасап атырған ўақытлары, Ерусалим диййўалы ўайран болғанын, дәрўазалары жандырылғанын еситип, қатты қайғырады. Ол дуўа етип, Қудайдан Ерусалимге барып, қала диййўалларын қайта тиклеўине мүмкиншилик бериўин сорайды. Патша Артаксеркс Нехемияны Ерусалимге жибереди, ҳәттеки, қала диййўалларын қайта қурыў ушын керек жарақ пенен тәмийинлейди.

Нехемия Ерусалимге жетип келгеннен кейин, қала диййўалларын көзден өткереди. Кейин барлық яҳудийлерди жыйнап, қурылыс ислерин баслап жибереди. Деген менен, әтираптағы қоңсы халықлар яҳудийлерди масқара қылады, Персия патшасына қарсы шыққан қозғалаңшылар деп оларды айыплайды. Душпанлар ҳәттеки, Ерусалимге ҳүжим қылып, Нехемияны өлтириўди де жобаластырады. Соншa қыйыншылықларға қарамай, Нехемия ҳәм яҳудийлер Ерусалим диййўалын ҳәм дәрўазаларын қурып тамамлап, Қудайға бағышлайды. Булардың ҳәммеси Қудайдың Өз халқына көрсеткен мийрими болады.

---

### Нехемияның дуўасы

1 [1] Хахалия улы Нехемияның сөзлери:

Персия патшасы Артаксеркстиң ҳүкимдарлығының жигирмаланшы жылының кислеў айында мен Суза қорған каласында едим. [2] Сонда
туўысқанларымнан бири Хананий
айырым адамлар менен бирге Яҳудадан келди. Мен олардан сүргиннен қутылып қалып, тири қалған яҳудийлер ҳәм Ерусалим қаласы туўралы сорадым. [3] Олар маған
сүргиннен қутылып қалып, Яҳуда ўәлаятында тири қалғанлардың қатты қыйыншылық ҳәм шерменделик аўҳалда қалғаны, Ерусалим

дийўалларының ўайран етилип,
дәрўазаларының өртеп жиберил-
гени туўралы айтып берди.
4 Бул сөзлерди еситкенимде,
отырып жыладым. Бир неше күн
қайғыға батып жүрдим, ораза ту-
тып, аспанның Қудайына былай
деп дуўа еттим: 5 «О, аспанның
Қудайы Жаратқан Ийе! Сен уллы
ҳәм айбатлы Қудайсаң! Сен Өзиң-
ди сүйгенлер ҳәм буйрықларыңды
орынлағанлар менен дүзген кели-
симиңе садық қаласаң. 6 Қулыңның
дуўасын еситиў ушын қулақларың
түриўли, көзлериң ашық болғай.
Енди Сениң алдыңда қулларың
болған Израил халқы ушын күни-
түни дуўа етип, олардың гүналары
ушын тәўбе қыламан. Аўа, бизлер
Сениң алдыңда гүна иследик, мен
де, мениң әкемниң үй-иши де гүна
иследи. 7 Бизлер Сениң алдыңда
қатты жеркенишли ислерди ис-
ледик. Сениң қулың Муўсаға бер-
ген буйрықларыңа, қағыйдалар
ҳәм нызамларыңа бойсынбадық.
8 Енди қулың Муўсаға берген мы-
на сөзлериңди есиңе ала гөр: „Егер
сизлер Маған опасызлық етсеңиз,
Мен сизлерди халықлар арасына
шашып жиберемен. 9 Бирақ Маған
қайтып келсеңиз ҳәм буйрықла-
рыма бойсынып, оларды орынла-
саңыз, жердиң ең шетине қуўғын
қылынған болсаңыз да, сизлерди
ол жерден жыйнап аламан. Атым-
ды орналастырыў ушын, таңлап ал-
ған жерге сизлерди алып келемен“.[a]
10 Израил халқы – Сениң қул-
ларың ҳәм Өз халқың. Уллы қү-
диретиң ҳәм күшли қолың менен
оларды азат еткенсең. 11 О, Ийем!
Қулың болған мениң дуўама ҳәм
Сениң атыңды ҳүрмет қылыўдан
заўықланатуғын қулларыңның ду-
ўасына қулақ түре гөр. Бүгин маған
әўмет берип, патшада маған деген
реҳим оята гөр».
Сол ўақытлары мен патшаның
шарап қуйыўшысы едим.

## Нехемияның Ерусалимге қайтыўы

2 1 Патша Артаксеркстиң ҳүким-
дарлығының жигирмаланшы
жылы, нисан айы еди. Мен патша-
ның алдына әкелинген шарапты
оған усындым. Бурын ҳеш қашан
патша мени түскин аўҳалда көрген
жоқ еди. 2 Сонлықтан патша маған:
– Неге қапа көринесең? Билемен,
кесел емессең. Жүрегиңде бир дәр-
тиң бар ма деймен? – деди. Мен
қатты қорқып кеттим. 3 Сонда да
патшаға:
– Тақсыр, өмириңиз узақ болсын!
Ата-бабаларымыз жерленген қала
қаңырап, дәрўазалары өртелген
болса, мен қалай қапа болмайын? –
дедим.
4 Патша маған:
– Не тилейсең? – деди. Сонда мен
ишимнен аспанның Қудайына дуўа
еттим, 5 кейин патшаға былай дедим:
– Тақсыр, егер мақул деп тапсаңыз
ҳәм мендей қулыңызға кеўлиңиз
толған болса, онда мени Яҳудаға,
ата-бабаларым жерленген қалаға
жиберсеңиз. Мен бул қаланы қай-
та қурмақшыман.
6 Сонда ханбийке де патшаның жа-
нында отырған еди. Патша меннен:

---

a **1:9** Нзм 30:1-4.

– Сапарың қанша ўақытқа созылады, қашан қайтып келесең? – деп сорады. Патша мени жибериўге ыразы болды. Соңынан мен ўақытты белгилеп айттым.

7 Мен патшаға және былай дедим:

– Тақсыр, егер сизге мақул болса, Яҳудаға жетип барғанымша, өз жерлеринен өтиўиме рухсат бериўи ушын, дәрьяның арғы жағының ҳәкимлерине хат жазып берилсин.
8 Және де, патша тоғайларының бажбаны Асафқа да хат жаздырып берсеңиз. Ол маған Қудайдың Ибадатханасы жанындағы қорғанның дәрўазаларын, қала дийўалларын соқтырыўым ҳәм өзиме үй салдырыўым ушын керек болатуғын ағашларды берсин.

Қудайдың мийримли қолы мениң үстимде болғанлығы себепли, патша сорағанымның ҳәммесин берди.

9 Патша мениң менен бирге бир неше әскербасылар ҳәм атлылар жиберген еди. Мен дәрьяның арғы жағының ҳәкимлерине келип, оларға патшаның хатларын бердим.
10 Хоронлы Санбаллат ҳәм аммон халқынан болған хызметши Тобия Израил халқының ийгилиги ушын ғамхорлық етиўге бир адамның келгенин еситкенде, қатты ғәзепленди.

11 Мен Ерусалимге келип, ол жерде үш күн болдым.
12 Мен Ерусалим ушын ислейтуғын ислеримди Қудайымның жүрегиме салғанын ҳеш кимге айтпадым. Түнде турып, жанымдағы адамлардан бир нешеўин ертип, жолға шықтым. Жаныма өзим минип жүрген жаныўардан басқа ҳеш қандай жаныўар алған жоқ едим.

13 Түнде Ойпатлық дәрўазасы арқалы шығып, Айдарҳа булағына, ол жерден Тезек дәрўазасына бардым. Мен ўайран етилген Ерусалим дийўалларын ҳәм оның жағып жиберилген дәрўазаларын көзден кеширдим.
14 Соңынан Булақ дәрўазасына ҳәм Патша ҳәўизине бардым. Бирақ астымдағы жаныўарым өтиўге жол таба алмады.
15 Сонлықтан түнде сай бойлап көтерилип, дийўалды көзден кеширдим. Ақырында, кери айланып, Ойпатлық дәрўазасы арқалы изге қайттым.

16 Ҳүкимет басшылары мениң қай жерге барып, не ислеп жүргенимди билмеди. Себеби мен яҳудийлерге де, руўханийлерге де, ақсүйеклерге де, басшыларға да, усы иске қатнасы бар басқа жумыс алып барыўшыларға да еле ҳеш нәрсе айтпаған едим.

17 Соңынан мен оларға:

– Қандай апатшылыққа ушырағанымызды көрип турсыз ба? Ерусалим босап қалған, ал оның дәрўазалары болса, жандырып жиберилген. Жүриңлер, Ерусалимниң дийўалларын қайта тиклейик. Буннан былай аяқ асты болыўға шек қояйық, – дедим.
18 Мен оларға Қудайдың мийримли қолының мениң үстимде екенин ҳәм патшаның өзиме айтқан сөзлерин айтып бердим.

Сонда олар:

– Қурылысты баслаймыз, – деди ҳәм қайырлы иске бар күшин жумсаўға таяр турды.

19 Бирақ хоронлы Санбаллат, аммон халқынан болған хызметши Тобия ҳәм араб халқынан болған Гешем буларды еситкенде, үстимизден күлди ҳәм:

– Не ислеп атырсыз өзи? Ямаса
патшаға қарсы бас көтерип атыр-
сызлар ма? – деп бизлерди кемси-
тип сөйледи.
20 Сонда мен оларға:
– Аспанның Қудайы исимизди
сәтли қылады, ал Оның қуллары
болған бизлер қурылысты бас-
лаймыз. Сизлердиң Ерусалимде
үлесиңиз де, ҳақыңыз да, тарий-
хый дерегиңиз де жоқ, – деп жу-
ўап бердим.

### Дийўалдың тиклениўи

3 1 Соннан соң, бас руўханий
Эляшиб ҳәм оның руўханий
туўысқанлары иске кирисип, Қой
дәрўазасын қайта қурды. Олар дәрўа-
заны бағышлаў рәсиминен өткерип,
қапыларын орнына қурды. Жүзлик
минарасына дейинги дийўалларды
тиклеп, оны бағышлаў рәсиминен
өткерди. Және де, олар Хананел ми-
нарасына шекемги дийўалларды да
тикледи. 2 Ерихолылар оннан ке-
йинги бөлегин, ал оннан кейинги
бөлекти Имрий улы Заккур қурды.
3 Балық дәрўазасын Ҳассенаның
уллары қурды. Олар дәрўазаның
бөренелерин қойып, қапыларын
қурды, қулып ҳәм тәмбилерин ор-
натты. 4 Оннан кейинги бөлекте
Ҳаққостың ақлығы Урияның улы
Меремот дүзетиў ислерин алып
барды. Оннан кейинги бөлекти Ме-
шезабелдиң ақлығы Берехияның
улы Мешуллам, ал оннан кейинги
бөлекти Баана улы Садоқ дүзет-
ти. 5 Олардан кейинги бөлекти те-
қоалылар дүзетти. Бирақ олардың
ақсүйеклери өз қадағалаўшыла-
рының буйрығын орынлаў ушын
қәддин бүкпеди.
6 Ешана дәрўазасын Пасеах улы
Иояда ҳәм Бесодия улы Мешул-
лам дүзетти. Олар дәрўазаның
бөренелерин қойып, қапыларын
қурды, қулып ҳәм тәмбилерин ор-
натты. 7 Олардан кейинги бөлекти
гибонлы Мелатия ҳәм меронотлы
Ядон дәрьяның арғы жағындағы
ҳәкимниң қол астындағы Гибон
ҳәм Миспа турғынлары менен бир-
ге дүзетти. 8 Олардан кейинги бө-
лекти зергер Харҳая улы Уззиел, ал
оннан кейинги бөлекти хош ийисли
затлар таярлаўшы Ханания дүзет-
ти. Олар Ерусалим дийўалларының
Кең дийўалға дейинги аралығын
қайта тикледи. 9 Олардың жанын-
дағы бөлекти Ерусалим үлкесиниң
ярымының басқарыўшысы Хур
улы Рефая дүзетти. 10 Олардан ке-
йинги бөлекти, өз үйиниң қара-
ма-қарсысын Харумаф улы Едая,
ал оннан кейинги бөлекти Хашаб-
ния улы Хаттуш дүзетти. 11 Харим
улы Малкия менен Пахат-Моаб
улы Хашшуб басқа бир бөлекти
ҳәм Тандырлар минарасын дүзет-
ти. 12 Кейинги бөлекти Ерусалим
үлкесиниң ярымының басқарыў-
шысы Ҳаллохеш улы Шаллум өз
қызлары менен бирге дүзетти.
13 Ханун ҳәм Заноах турғынлары
Ойпатлық дәрўазасын дүзетти. Олар
дәрўаза бөренелерин қойып, қапы-
ларын қурды, қулып ҳәм тәмбилерин
орнатты. Және де, олар дийўалдың
Тезек дәрўазасына шекемги мың шы-
ғанақ аралығын дүзетти.
14 Ал Тезек дәрўазасын Бейт-Ҳақ-
керем үлкесиниң басқарыўшысы
Рехаб улы Малкия дүзетти. Ол дәр-
ўазаны қурып, қапыларын, қулып
ҳәм тәмбилерин орнатты.

15 Булақ дәрўазасын Миспа үл-
кесиниң басқарыўшысы Кол-Хозе
улы Шаллун дүзетти. Ол дәрўазаны
қурып, үстин жаўды, қапыларын,
қулып ҳәм тәмбилерин орнатты.
Ол патша бағының қасындағы Ше-
лах ҳәўизиниң дийўалын да Даўыт-
тың қаласынан төменге түсетуғын
текшеге шекем дүзетти. 16 Оның
жанындағы бөлекти, яғный Да-
ўыттың мазарының қарама-қар-
сысына шекемги орыннан ҳәўизге
ҳәм Батырлар үйине дейинги ара-
лықты Бейт-Сур үлкесиниң ярымы-
мының басқарыўшысы Азбуқ улы
Нехемия дүзетти.

17 Оның жанындағы бөлекти Ба-
ний улы Рехумның басшылығында
лебийлилер дүзетти. Оннан кейинги
бөлекте Кеила үлкесиниң ярымы-
ның басқарыўшысы Хашабия өз үл-
кеси атынан дүзетиў ислерин алып
барды. 18 Оннан кейинги бөлекти
Хашабияның туўысқанлары Кеила
үлкесиниң қалған ярымының бас-
қарыўшысы Хенадад улы Биннуй[a]
басшылығында дүзетти. 19 Оннан
кейин Миспаның басшысы Ешуа
улы Эзер қурал-жарақ сақлаў бөлме-
сине көтерилетуғын жолдың алды-
нан дийўалдың мүйешине шекемги
аралықты дүзетти. 20 Оннан кейин
мүйештен баслап, бас руўханий Эля-
шибтиң үйиниң қапысының кирер
аўзына дейинги аралықты Заббай
улы Барух ықлас пенен дүзетти.
21 Оның жанындағы Эляшибтиң
үйиниң қапысының кирер аўзынан
баслап, оның үйиниң ақырына ше-
кемги аралықты Ҳаққостың ақлы-
ғы Урияның улы Меремот дүзетти.
22 Оннан кейинги бөлекти дөге-
ректеги аймақлардан келген руўха-
нийлер дүзетти. 23 Олардан кейин
Бенямин ҳәм Хашшуб өз үйлери-
ниң қарсы алдындағы бөлекти, ал
олардан кейин Ананияның ақлы-
ғы Маасеяның улы Азария өз үйи-
ниң жанындағы бөлекти дүзетти.
24 Оннан кейин Азарияның үйинен
дийўалдың мүйешине ҳәм айланба-
сына шекемги аралықты Хенадад
улы Биннуй дүзетти. 25 Мүйештиң
ҳәм сақшылар ҳәўлисиндеги пат-
шаның жоқарғы сарайына шыға-
туғын минараның қарсысын Узай
улы Палал дүзетти. Оннан кейин
Парош улы Педая 26 Офел төбе-
шигинде жасайтуғын Ибадатхана
хызметшилери менен бирге шығыс
тәрептеги Суў дәрўазасының қар-
сы алдына ҳәм Шығыңқы минара-
сына шекемги аралықты дүзетти.

27 Шығыңқы минарасының қар-
сысынан Офел төбешигиндеги
дийўалға шекемги басқа бөлекти
теқоалылар дүзетти. 28 Руўханий-
лер Ат дәрўазасының жоқарысын,
ҳәр бири өз үйиниң қарсы алдын
дүзетти. 29 Олардан кейин Иммер
улы Садоқ өз үйиниң қарсысын,
оннан кейинги бөлекти Шығыс
дәрўазасының қараўылы Шека-
ния улы Шемая дүзетти. 30 Оннан
кейинги басқа бир бөлекти Ше-
лемия улы Ханания ҳәм Салаф-
тың алтыншы улы Ханун дүзетти.
Олардан кейин Берехия улы Ме-
шуллам өз бөлмесиниң қарсы ал-
дын дүзетти. 31 Оннан кейин Сап
тартыў дәрўазасына қарсы турған
Ибадатхана хызметшилери менен

---

[a] **3:18** *Биннуй* – басқа нусқада Баўўай.

саўдагерлердиң үйине ҳәм мүйеш-
теги жоқарғы бөлмеге шекемги
аралықты зергер Малкия дүзетти.
[32] Ал мүйештеги жоқарғы бөлме-
ден Қой дәрўазасына шекемги ара-
лықты зергерлер ҳәм саўдагерлер
дүзетти.

## Қайта қурыў исине қарсы шыққанлар

4 [1] Санбаллат бизлердиң дийўал-
ды қайта қурып атырғанымыз-
ды еситкенде, қаны қайнап, ғәзепке
минди ҳәм яҳудийлерди масқаралай
баслады. [2] Ол өз шериклери менен
Самария ләшкерлери алдында бы-
лай деди: «Мына бийшара яҳудийлер
не ислеп атыр? Ырасында да, олар
өз дийўалын қайта тиклемекши ме?
Ырасында да, олар қурбанлық бер-
мекши ме? Булар не, бир күн ишин-
де қурылысты питкермекши ме?
Ырасында да, олар жанып, үйилген
шығындыға айланған тасларды жан-
ландырмақшы ма?»
[3] Санбаллаттың жанында турған
аммон халқынан болған Тобия да:
«Қурып атырған дийўалына қараң-
лар! Егер бир түлки келип үстине
минсе, тас дийўалы тас-талқан бо-
лады», – деди.
[4] Сонда мен былай деп дуўа ет-
тим: «Қудайымыз, бизлерге қулақ
сал! Бизлер хорланып атырмыз.
Олардың бизлерге көрсеткен хор-
лығын өзлериниң басына жаўдыр
ҳәм олар да тутқын болып, жат
елде таланатуғын болсын. [5] Олар-
дың айыпларын жаўып, гүналарын
кеширип, көз алдыңнан өширип
таслай гөрме! Себеби олар қуры-
лысшылардың арына тийди».
[6] Деген менен, бизлер дийўал қу-
рылысын даўам еттик. Халық бар
ықласы менен ислегенликтен, пүт-
кил дийўалды оның ярымына де-
йин тикледик.
[7] Бирақ Санбаллат, Тобия, араб-
лар, аммонлар ҳәм ашдодлылар
Ерусалим дийўалларының тик-
лениў ислериниң алға илгерилеп,
бузылған жерлериниң пителип
атырғанын еситкенде, қатты ашыў-
ланды. [8] Олар ҳәммеси бирге келип,
Ерусалимге қарсы урыс ашыўға ҳәм
ол жерде тәртипсизликти келтирип
шығарыўға келисип алды. [9] Сонда
бизлер Қудайымызға дуўа етип,
олардан қорғаныў ушын күни-тү-
ни сақшылар қойдық.
[10] Бирақ яҳудалылар тоңқылдап:
«Жүк тасыўшылар ҳалдан
тайды,
Шығынды болса жүдә көп.
Сонлықтан өз күшимиз бенен,
Дийўалды қайта қура
алмаймыз», –
деди.
[11] Ал душпанларымыз болса:
«Бизлерди билип, көрип қоймасы-
нан бурын араларына кирип алып,
оларды өлтирейик ҳәм исти тоқта-
тайық», – деп атыр.
[12] Олардың жанында жасайту-
ғын яҳудийлер келип, бизлерге:
«Олар ҳәр тәрептен сизлерге бас-
тырып келмекши», – деп он мәр-
телеп айтты.
[13] Сол себепли дийўалдың ең пәс,
ашық жерлериниң артына қылыш,
найза ҳәм оқ жай менен қураллан-
ған адамларды тийрелери бойынша
орналастырдым. [14] Буларды кө-
рип шыққаннан соң, ақсүйеклерге,
басшыларға ҳәм пүткил халыққа:

«Олардан қорқпаңлар. Уллы ҳәм
айбатлы Ийемизди еске алыңлар.
Туўысқанларыңыз, ул-қызлары-
ңыз, ҳаялларыңыз ҳәм үйлериңиз
ушын урысыңлар», – дедим.
15 Өзлерининң нийетлеринен ха-
бардар екенимиз ҳәм Қудай оларды
пушқа шығарғаны душпанлары-
мыздың қулағына жетип барды.
Сонда бизлер ҳәммемиз диййўалға,
ҳәр биримиз өз исимизге қайттық.
16-17 Сол күннен баслап, адамла-
рымның ярымы қурылыста иследи,
ярымы найза, қалқан, оқ жай услап,
саўыт кийди. Ал басшылар дий-
ўал қурып атырған пүткил Яҳуда
халқының артында турды. Дийўал
қурыўшылар ҳәм жүк тасыўшы-
лар бир қолы менен жумыс ислеп,
екинши қолына қуралын алып жүр-
ди. 18 Ҳәр бир қурылысшы белине
қылышын байлап алып, жумыс
иследи. Кәрнай шертетуғынлар
мениң жанымда жүрди. 19 Мен ақ-
сүйеклерге, басшыларға ҳәм пүткил
халыққа былай дедим: «Жумыс кө-
леми үлкен ҳәм кең. Бизлер дийўал
бойлап жайылып кетип, бир-би-
римизден узақласып баратырмыз.
20 Сонлықтан қай жерден кәрнай
сестин еситсеңиз, сол жерге, қасы-
мызға жыйналыңлар. Қудайымыз
бизлер ушын урысады».
21 Бизлер жумысты азанда ерте,
күн шыққанда баслап, кеште кеш,
жулдызлар шыққанда тамамладық.
Адамлардың ярымы бәрқулла сақ-
шылықта турды. 22 Сол ўақытлары
мен халыққа және: «Ҳәр бир адам
өз хызметшилери менен бирге Еру-
салимде түнесин. Олар түнде қара-
ўыллықта турып, күндиз жумыс
ислесин», – дедим.
23 Мен де, туўысқанларым да,
хызметшилерим де, жанымдағы
қараўыллар да, ҳеш биримиз ки-
йимлеримизди шешпедик. Ҳәр бир
адамның қуралы қолында болды.

### Нехемияның жарлыларға жәрдем бериўи

**5** 1 Сол ўақытлары халық ишинде,
еркеклер ҳәм олардың ҳаяллары
арасында өз туўысқанлары болған
яҳудийлерге деген күшли наразылық
жүзеге келди. 2 Олардың базылары:
«Бизлер көпшиликпиз, ул-қызлары-
мыз көп. Нан таўып жеп, тиришилик
етиўимиз ушын бизлерге бийдай
керек», – деди.
3 Ал базылары болса: «Ашлық
ўақытта нанымызды табыў ушын,
атызларымызды, жүзимзарлары-
мызды ҳәм үйлеримизди гиреўге
берип атырмыз», – деди.
4 Және басқалары болса: «Патша-
ға салық төлеў ушын атызларымыз
ҳәм жүзимзарларымыз үстинен үс-
теме пул алдық. 5 Бизлердиң яҳудий
туўысқанларымыз бенен қанымыз
бир, балаларымыздың да олардың
балаларынан айырмашылығы жоқ.
Бирақ бизлер ул-қызларымызды қул
етип сатыўға мәжбүр болып атыр-
мыз, қызларымыздың айырымла-
ры әлле қашан шорылыққа сатылды.
Атыз ҳәм жүзимзарларымыз енди
басқалардың қолына өткенликтен,
бизлер шарасыз қалдық», – деди.
6 Мен олардың наразылығы ме-
нен усындай сөзлерин еситкенимде,
қатты ашыўландым. 7 Бираз ой-
ландым, кейин ақсүйеклер менен
басшыларға кейип:
– Сизлер өз туўысқанларыңыздан
үстеме алып атырсызлар ма? – дедим.

Мен усы мәселеге байланыслы үл-
кен жыйын topladым. 8 Соңынан
жыйналғанларға:

– Бизлер басқа халықларға сатыл-
ған яҳудий туўысқанларымызды
күшимиз жеткенше қайтарып са-
тып алдық. Ал сизлер болсаңыз, өз
туўысқанларыңызды сатып атыр-
сызлар. Оларды және сатып алыўы-
мыз ушын ба? – дедим. Олар жуўап
таппай, үнсиз турды.

9 Мен оларға және былай дедим:
– Ислеп атырғаныңыз жақсы
ис емес. Бизге душпан болған ха-
лықларға масқара болмаў ушын,
Қудайдан қорқып жасаў керек емес
пе еди? 10 Мениң өзим, туўысқан-
ларым ҳәм хызметкерлерим ме-
нен бирге халыққа қарызға гүмис
ҳәм бийдай берип атырмыз. Бирақ
ендигиден былай ол ушын үстеме
алыўды тоқтатайық! 11 Ҳәзирден-
ақ оларға өзлериңиз тартып алған
атызларын, жүзим ҳәм зәйтүн бағ-
ларын, үйлерин, үстеме ушын төле-
ген гүмислерин, бийдайын, шарап
ҳәм майларын қайтарып бериңлер.

12 Олар:
– Қайтарып беремиз, олардан ҳеш
нәрсе талап етпеймиз. Сизиң айтқа-
ныңыздай қыламыз, – деди. Сонда
мен руўханийлерди шақыртып, руў-
ханийлердиң алдында ақсүйеклер
менен басшыларға берген ўәдесин-
де туратуғыны туўралы оларға ант
иштирдим. 13 Соңынан шапаным-
ның белбеўлигин шешип қағып:

– Өз ўәдесинде турмаған адамды
Қудай үй-жайынан ҳәм ийелигинен
айырып, дымсыз қалдырсын, – де-
дим. Пүткил жыйналғанлар:

– Аўмийин, – деди ҳәм Жаратқан
Ийеге алғыс-мақтаўлар айтты. Ха-
лық берген ўәдесинде турды.

14 Және де, өзим Яҳуда жерине
ҳәким болып тайынланған күн-
нен баслап он еки жыл даўамында,
яғный Артаксеркстиң патшалы-
ғының жигирмаланшы жылынан
отыз екинши жылына шекем мен
де, туўысқанларым да ҳәкимге
арналған азық-аўқаттан жемедик.
15 Меннен бурынғы ҳәкимлер ха-
лыққа аўырманлық жүклеп, нан
менен шараптан тысқары олардан
қырық шекел[a] гүмис те алған екен.
Ҳәтте, олардың хызметшилери де
халыққа өз ҳүкимин өткерген екен.
Бирақ мен Қудайдан қорққанлық-
тан, булай ислемедим. 16 Оның ор-
нына мен бар күшимди дийўалдың
қурылысына бағышладым. Хыз-
меткерлеримниң ҳәммеси истиң
басына жыйналды. Бизлер бирде
бир атыз сатып алмадық.

17 Айланамыздағы басқа халық-
лардан келгенлерди есапқа алма-
ғанның өзинде, яҳудийлерден ҳәм
лаўазымлы адамлардан бир жүз
елиў адам мениң дастурханымнан
аўқатланатуғын еди. 18 Бир күнлик
аўқат ушын бир өгиз, алты семиз
қой ҳәм бир қанша таўықлар пи-
сирилетуғын, және ҳәр он күнде
бир рет мол етип, түрли-түрли ша-
раплардан берилетуғын еди. Деген
менен, мен үлке ҳәкимине тийисли
аўқатты талап етпедим, онысыз да
халықтың жүги аўыр еди.

19 Қудайым, бул халық ушын ис-
леген ислеримди мениң ийгилигим
ушын еске ала гөр!

---

a **5:15** *Қырық шекел* – бир шекел шама менен 11 гр.

## Нехемияға қарсы тил бириктириў

6 1 Дийўалларды қурып, бузыл-
ған жерлериниң бирде биреўин
қалдырмай, толық оңлап болғаным
Санбаллат, Тобия, араб халқынан
болған Гешем ҳәм басқа душпан-
ларымның қулағына жетип барды.
Бирақ ол ўақытта, мен еле дәрўаза-
лардың қапыларын орнатып болма-
ған едим. 2 Сонда Санбаллат пенен
Гешем маған адам жиберип: «Оно
тегислигиндеги аўыллардың би-
ринде ушырасайық», – деди. Олар
маған зыян келтириў нийетинде
еди. 3 Сонлықтан мен де оларға ха-
баршылар жиберип: «Мен үлкен
бир ис пенен бәнтпен. Сонлықтан
бара алмайман. Не ушын мен исти
таслап, сизлерге барыўым ҳәм жу-
мысты тоқтатыўым керек?» – де-
дим. 4 Олар төрт мәрте сол хабарды
жиберди, мен де төрт мәрте солай
жуўап қайтардым.

5 Сонда бесинши рет Санбаллат
маған өз хызметшисин жиберди.
Оның қолында мөрленбеген ашық
хат бар еди. 6 Хатта былай деп жа-
зылған еди:

«Басқа халықлар арасында ха-
барлар тараған, Гешем де буны тас-
тыйықлайды. Сен ҳәм яҳудийлер
қозғалаң көтериўди ойлап атыр-
сызлар. Сол себептен сизлер дий-
ўалларды қайта тиклеп атырған
екенсиз. Усы хабарларға қарағанда,
сен оларға патша болмақшы екенсең.
7 Және де, өзиң ҳаққында: „Яҳуда-
ның өз патшасы бар!“ деп жәрия-
лаўы ушын, сен пайғамбарларды
да тайынлапсаң. Бул сөзлер, әл-
бетте, патшаның қулағына жетип
барады. Сонлықтан кел, бирге ке-
ңесип алайық».

8 Мен оған адам жиберип: «Айт-
қанларыңның ҳәммеси жалған,
буларды сен өзиң ойлап шығар-
ғансаң», – деп жуўап бердим.

9 Олардың ҳәммеси бизлерди қор-
қытпақшы болып: «Қолларын ис-
тен суўытсақ, ис тоқтайды», – деп
ойлаған еди. Буған қарсы, мен
Қудайдан қолларыма күш бери-
ўин сорадым.

10 Бир күни мен Меҳетабелдиң
ақлығы Делая улы Шемаяның үйи-
не бардым. Ол үйине тығылып ал-
ған еди. Ол маған:

– Кел, Қудайдың Үйинде, Ибадат-
хананың ишинде ушырасып, есик-
лерин тас қылып, илдирип алайық.
Себеби олар сени өлтириў ушын
кележақ, түнде сени өлтириўге ке-
леди, – деди.

11 Бирақ мен оған:

– Мен қашып кететуғын адам-
ға уқсайман ба? Яки тири қалыў
ушын, Ибадатханаға жасырынату-
ғын адамға уқсайман ба? Бармай-
ман, – дедим. 12 Мен оны Қудайдың
жибермегенин, бирақ оны Тобия
менен Санбаллат параға сатып ал-
ғанлықтан, ол маған қарсы усын-
дай жалған пайғамбаршылық
сөзлерин айтқанын түсинип жет-
тим. 13 Олар мени қорқытыў ушын
ҳәм қорққанымнан оның айтқанын
қылып, гүна ислеўим ушын, Ше-
маяны жаллаған еди. Сонда ме-
ни жаманлап, абырайымды төгиў
ушын себеп табылар еди.

14 Мен былай деп дуўа еттим:
«Қудайым, Тобия менен Санбал-
латтың ислеген ислерин умыта гөр-
ме! Сондай-ақ мени қорқытпақшы

болған пайғамбар ҳаял Ноадияны
ҳәм басқа пайғамбарларды да есиң-
де сақлай гөр!»

### Дийўал қурылысының жуўмақланыўы

15 Дийўал элул айының жигирма
бесинши сәнесинде, елиў еки күн-
де питкерилди. 16 Барлық душпан-
ларымыз бул ҳаққында еситкенде,
әтирапымыздағы халықлардың
ҳәммеси қорқып кетти ҳәм олар-
дың қатты еңсеси түсти. Себеби
олар бул истиң Қудайымыздың
жәрдеминде исленгенин түсинди.
17 Буннан тысқары, сол күнлери
Яҳуда ақсүйеклери Тобияға көп
хатлар жазған болып, Тобиядан да
оларға хатлар келип турды. 18 То-
бия Арах улы Шеканияның күйеў
баласы болғанлықтан ҳәм Тобия-
ның улы Еҳоханан Берехия улы
Мешулламның қызына үйленген-
ликтен, Яҳудадағы көп адамлар
онық менен нан сындырысып, ант
ишискен еди. 19 Ҳәтте, олар Тобия-
ның жақсы ислери ҳаққында маған
айтатуғын, мениң айтқанларымды
да оған жеткерип туратуғын еди.
Тобия да мени қорқытыў ушын хат-
лар жиберип туратуғын еди.

7 1 Қала дийўалы қурылып, дәрўа-
заның қапылары орнатылып бо-
лынғаннан соң, дәрўаза қараўыллары,
қосықшылар ҳәм лебийлилер хыз-
метке қойылды. 2 Мен туўысқаным
Хананийге ҳәм қорғанның әскерба-
сысы Хананияға Ерусалимге жетек-
шилик етиўди тапсырдым. Әскербасы
Ханания басқаларға қарағанда садық
ҳәм Қудайдан қорқатуғын адам еди.
3 Мен оларға былай дедим:
– Күн қатты қызған ўақытта, Еру-
салим дәрўазалары жабық турсын.
Дәрўаза қараўыллары хызметте
турған болса да, қапылар жабы-
лып, илдирип қойылсын. Қара-
ўыллар Ерусалим турғынларынан
тайынлансын. Олардың айырым-
лары нәўбетшиликте турсын, ал
айырымлары өз үйиниң қарсы ал-
дын қараўылласын.

### Сүргиннен қайтып келгенлердиң дизими

4 Ерусалим кең ҳәм уллы қала
еди. Бирақ оның халқы аз болып,
қурылған жайлар да еле аз еди.
5 Сонда Қудайым мениң жүреги-
ме ақсүйеклерди, басшыларды ҳәм
халықты жыйнап, оларды шежи-
реси бойынша дизимге алыўды
салды. Мен сүргиннен биринши
болып қайтып келгенлердиң жазба
түрдеги шежиресин таптым. Онда
былай деп жазылған еди:
6 «Бабилония патшасы Набуходо-
носордың Бабилонға тутқын етип
алып кеткен адамлары сүргин ети-
лип, тутқында болған ўәлаятлар-
дан Ерусалимге ҳәм Яҳудадағы өз
қалаларына қайтып келди. 7 Олар
Зеруббабел, Ешуа, Нехемия, Аза-
рия, Раамия, Нахманий, Мордохай,
Билшан, Мисперет, Бигўай, Нехум
ҳәм Бааананың басшылығында қай-
тып келди.
Сүргиннен қайтқан Израил ерле-
риниң дизими төмендегише:
8 Парош урпақларынан – 2172
адам;
9 Шефатия урпақларынан – 372
адам;
10 Арах урпақларынан – 652 адам;
11 Пахат-Моаб, яғный Ешуа ҳәм

Иоаб урпақларынан – 2818 адам;
12 Элам урпақларынан – 1254 адам;
13 Затту урпақларынан – 845 адам;
14 Заккай урпақларынан – 760 адам;
15 Биннуй урпақларынан – 648 адам;
16 Бебай урпақларынан – 628 адам;
17 Азгад урпақларынан – 2322 адам;
18 Адониқам урпақларынан – 667 адам;
19 Бигўай урпақларынан – 2067 адам;
20 Адин урпақларынан – 655 адам;
21 Атер, яғный Хизкия урпақларынан – 98 адам;
22 Хашум урпақларынан – 328 адам;
23 Бетсай урпақларынан – 324 адам;
24 Хариф урпақларынан – 112 адам;
25 Гибон урпақларынан – 95 адам;
26 Бейтлеҳемлилер менен нетофалылардан – 188 адам;
27 Анатотлылардан – 128 адам;
28 Бейт-Азмаўетлилерден – 42 адам;
29 Кирят-Яримлилерден, кефиралылардан ҳәм беероtлылардан – 743 адам;
30 Рамалылардан ҳәм гебалылардан – 621 адам;
31 Михмаслылардан – 122 адам;
32 Бейт-Эллилерден ҳәм айлылардан – 123 адам;
33 Басқа неболылардан – 52 адам;
34 Басқа эламлылардан – 1254 адам;
35 Харимлилерден – 320 адам;
36 Ерихолылардан – 345 адам;
37 Лодлылардан, хадидлилерден ҳәм онолылардан – 721 адам;
38 Сеналылардан – 3930 адам.
39 Руўханийлер:
Ешуа нәсилинен болған Едая урпақларынан – 973 адам;
40 Иммер урпақларынан – 1052 адам;
41 Пашхур урпақларынан – 1247 адам;
42 Харим урпақларынан – 1017 адам.
43 Лебийлилер:
Ҳодеўа нәсилинен тараған Ешуа ҳәм Қадмиел урпақларынан – 74 адам.
44 Қосықшылар:
Асаф урпақларынан – 148 адам.
45 Дәрўаза қараўыллары: Шаллум, Атер, Талмон, Aққуб, Хатита ҳәм Шобай урпақларынан – 138 адам.
46 Ибадатхана хызметшилери:
Сиха урпақларынан, Хасуфа урпақларынан, Таббаот урпақларынан,
47 Керос урпақларынан, Сиа урпақларынан, Падон урпақларынан,
48 Лебана урпақларынан, Хагаба урпақларынан, Шалмай урпақларынан,
49 Ханан урпақларынан, Гиддел урпақларынан, Гахар урпақларынан,
50 Реая урпақларынан, Ресин урпақларынан, Неқода урпақларынан,
51 Газзам урпақларынан, Узза урпақларынан, Пасеах урпақларынан,
52 Бесай урпақларынан, Меуним урпақларынан, Нефушесим урпақларынан,

53 Бақбуқ урпақларынан, Хақу-
фа урпақларынан, Хархур урпақ-
ларынан,
54 Баслит урпақларынан, Мехи-
да урпақларынан, Харша урпақла-
рынан,
55 Барқос урпақларынан, Сисера
урпақларынан, Темах урпақлары-
нан,
56 Незиах урпақларынан ҳәм Ха-
тифа урпақларынан еди.
57 Сулайманның мәрдикарға
алынған хызметшилериниң ур-
пақлары:
Сотай урпақларынан, Соферет
урпақларынан, Перида урпақла-
рынан,
58 Яла урпақларынан, Дарқон
урпақларынан, Гиддел урпақла-
рынан,
59 Шефатия урпақларынан, Хат-
тил урпақларынан, Покерет-Ҳас-
себайым урпақларынан ҳәм Амон
урпақларынан еди.
60 Ибадатхана хызметшилери ме-
нен Сулайманның хызметшиле-
риниң урпақларынан барлығы бо-
лып 392 адам еди.
61 Тел-Мелах, Тел-Харша, Керуб,
Аддон ҳәм Иммер қалаларынан
көшип келген, бирақ өзлериниң
шығысын ҳәм Израилдың қайсы
урыўына тийисли екенин дәлил-
лей алмағанлар мыналар еди:
62 Делая, Тобия ҳәм Некода ур-
пақларынан – 642 адам.
63 Сондай-ақ руўханийлер нәси-
линен болған Хабайя урпақлары,
Ҳаққос урпақлары ҳәм гиладлы
Барзиллайдың қызларының бири-
не үйленип, қәйин атасының аты
менен аталған Барзиллай урпақла-
ры.
64 Булар жазба шежиреден өз
шығысын изледи, бирақ таба ал-
мағанлықтан қаны таза емес деп,
руўханийлик хызметинен шетле-
тилди.
65 Ҳәким оларға Урим ҳәм
Туммимнен[a] пайдалана алатуғын
руўханий шықпағанша, тек руўха-
нийлерге берилетуғын ең мухаддес
тағамнан жемеўди буйырды.
66 Пүткил жәмийет ҳәммеси бо-
лып 42 360 адам еди.
67 Булардан
тысқары, олардың 7337 қул ҳәм
шорылары, 245 еркек ҳәм ҳаял қо-
сықшылары да бар еди.
68 Және де,
736 аты, 245 ғашыры,
69 435 түйеси
ҳәм 6720 ешеги бар еди.
70 Айырым әўлад басшылары ис-
ти жүргизиў ушын сыйлар берди.
Ҳәким қазнаға 1000 дарик[b] алтын,
50 қырма, 530 дана руўханийлик
кийимин берди.
71 Айырым әўлад басшылары ис-
тиң жүриўи ушын қазнаға 20 000
дарик алтын, 2200 мина[c] гүмис бер-
ди.
72 Ал халықтың қалған бөле-
ги 20 000 дарик алтын, 2000 мина
гүмис ҳәм 67 руўханийлик кийи-
мин берди.
73 Солай етип, руўханийлер, ле-
бийлилер, дәрўаза қараўыллары,
қосықшылар, айырым адамлар,
Ибадатхана хызметшилери ҳәм
пүткил Израил халқы өз қалала-
рына орналасты».

---

a **7:65** *Урим ҳәм Туммим* – бул Қудайдың еркин билиў ушын арналған таслар болып, оларды шек таслаў жолы менен қолланған болыўы мүмкин.
b **7:70** *1000 дарик* – бир дарик шама менен 8,4 гр.
c **7:71** *2200 мина* – бир мина шама менен 550 гр.

### Эзраның Нызам китабын халыққа оқып бериўи

8 [1] Израиллылар қалаларына орналасып болғаннан соң, жетинши айда пүткил халық бир адамдай болып Суў дәрўазасының алдындағы майданға жыйналды. Олар улама Эзрадан Жаратқан Ийениң Муўса арқалы Израил халқына берген буйрықлары жазылған Нызам китабын алып келиўди сорады.
[2] Сонда жетинши айдың биринши күни руўханий Эзра Нызам китабын халық жыйналған жерге алып келди. Ереклер, ҳаяллар ҳәм тыңлап, оқылғанды түсине алатуғын балалардың ҳәммеси сол жерде еди.
[3] Эзра Суў дәрўазасы алдындағы майданда еркеклердиң, ҳаяллардың ҳәм түсине алатуғын ҳәр бир адамның алдында күн шыққаннан түске шекем Нызам китабын даўыслап оқыды. Ҳәмме оқылған сөзди дыққат пенен тыңлады.

[4] Улама Эзра усы ис ушын алдын ала таярланған ағаш минбер үстинде турды. Оның оң тәрепинде Маттития, Шема, Аная, Урия, Хилкия ҳәм Маасея, ал шеп тәрепинде Педая, Мишаел, Малкия, Хашум, Хашбаддана, Зехария ҳәм Мешуллам турды.

[5] Бийик минберде турған Эзра пүткил халықтың көз алдында китапты ашты. Сонда пүткил халық орнынан турды.
[6] Эзра уллы Қудайға, Жаратқан Ийеге алғыс-мақтаўлар айтты. Пүткил халық қолларын көтерип: «Аўмийин, аўмийин», – деп жуўап берди ҳәм ет бетинен жерге жығылып, Жаратқан Ийеге сыйынды.

[7] Лебийлилер – Ешуа, Баний, Шеребия, Ямин, Аққуб, Шаббетай, Ҳодия, Маасея, Келита, Азария, Иозабад, Ханан, Пелая өз орынларында тик турған халыққа Нызамды түсиндирди.
[8] Олар Қудайдың Нызам китабын анық оқып, мәнисин түсиндирип берди ҳәм халық оқылғанды түсинди.

[9] Нызам сөзлерин еситкенде, пүткил халық жылады. Сонлықтан ҳәким Нехемия, улама ҳәм руўханий болған Эзра, және халыққа үйретип турған лебийлилер халыққа: «Бүгин Қудайыңыз Жаратқан Ийе ушын мухаддес күн. Аза тутып, көз жас төкпеңлер», – деди.

[10] Кейин Нехемия халыққа былай деди: «Енди үйлериңизге қайтып, майлы аўқатлардан жеп, мазалы ишимликлерден ишиңлер. Аўқат таярламағанларға да сол нәрселерден пай берип жибериңлер. Себеби бүгин Ийемиз ушын мухаддес күн. Қайғырмаңлар, себеби Жаратқан Ийе беретуғын қуўаныш сизлерди күшли қылады».

[11] Лебийлилер де: «Тынышланыңлар, бүгин мухаддес күн, қайғырмаңлар», – деп халықты тынышландырды.
[12] Солай етип, пүткил халық жеп-ишиў, басқаларға пайларын бериў ҳәм уллы қуўаныш пенен байрамлаў ушын кетти. Өйткени олар өзлерине айтылғанларды түсинген еди.

[13] Ертеңине пүткил халықтың әўлад басшылары, руўханийлер ҳәм лебийлилер Нызам сөзлерин үйрениў ушын улама Эзраның жанына жыйналды.
[14] Олар Нызамда жазылған Жаратқан Ийениң Муўса

арқалы берген мына буйрығын[a]
тапты: «Израил халқы жетинши
айдағы байрам күнлери қослар-
да жасасын. 15 Сонлықтан барлық
қалаларда ҳәм Ерусалимде: „Жа-
зылғанға муўапық, таўларға шы-
ғып, зәйтүн, жабайы зәйтүн, мирта,
пальма ҳәм басқа да жапырақлы
ағашлардың шақаларын алып ке-
лип, қос қурыңлар“, – деп жар са-
лып, жәриялансын».
16 Солай етип, халық барып, ша-
қалар алып келди ҳәм ҳәр бир адам
өз тамларының басына, шарбақла-
рына, Қудайдың Үйиниң шарба-
ғына, Суў дәрўазасы алдындағы
майданға ҳәм Эфрайым дәрўаза-
сының алдындағы майданға өз-
лери ушын қослар қурып алды.
17 Сүргиннен қайтып келгенлер-
диң ҳәммеси қослар қурып, қос-
ларда жасады. Нун улы Ешуаның
дәўиринен усы күнге дейин изра-
иллылар булай ислемеген еди. Олар
шексиз қуўанышқа бөленген еди.
18 Эзра биринши күннен соңғы күн-
ге дейин, ҳәр күни Қудайдың Ны-
зам китабын оқыды. Олар жети күн
байрамлады, ал сегизинши күни
қағыйдаға муўапық салтанатлы
жыйналыс болды.

### Халықтың гүналары ушын тәўбе қылыўы

9 1 Жетинши айдың жигирма
төртинши күни пүткил Изра-
ил халқы ораза тутып, аза кийимин
кийген ҳәм басларына топырақ шаш-
қан ҳалда жыйналды. 2 Сол ўақытта
Израил урпақлары барлық басқа
халықлардан айырылып шықты.
Олар өзлериниң гүналарын ҳәм ата-
бабалары ислеген жаман ислерди
ашық мойынлады. 3 Олар өз орынла-
рында турып, үш саатты өзлериниң
Қудайы Жаратқан Ийениң Нызам
китабын оқыў менен, ал үш саатты
гүнаны ашық мойынлаў ҳәм өзлери-
ниң Қудайы Жаратқан Ийеге сыйы-
ныў менен өткизди. 4 Ешуа, Баний,
Қадмиел, Шебания, Бунний, Шере-
бия, Баний ҳәм Кенаний лебийли-
лер ушын ажыратылған сыпаның
үстине шығып, Қудайы Жаратқан
Ийеге қатты даўыслап жалбарынды.
5 Кейин лебийлилер Ешуа, Қад-
миел, Баний, Хашабния, Шеребия,
Ҳодия, Шебания ҳәм Петахия бы-
лай деди: «Турып, мәңгиге бар бол-
ған Қудайыңыз Жаратқан Ийеге
алғыс-мақтаўлар айтыңлар». Олар
былай деп дуўа етти:
«Бизлердиң тәрийиплеўлеримиз-
ден де, алғыс-мақтаўларымыздан
да уллы болған Оның даңқлы аты-
на алғыс-мақтаўлар айтыңлар!
6 Жаратқан Ийе, Сен жалғызсаң.
Сен аспанды, аспанның аспанын,
олардағы пүткил барлықты, жер-
ди ҳәм ондағы барлық нәрсени, те-
ңизлерди ҳәм олардың ишиндеги
барлық нәрсени жараттың. Ҳәмме-
сине Сен жан бердиң, пүткил аспан
денелери саған сыйынады.
7 Қудай Ийе, Сен Өзиң Ибрам-
ды таңлап алып, калдейлердиң
Ур қаласынан алып шықтың ҳәм
оған Ибрайым деген жаңа ат бер-
диң. 8 Оны алдында садық деп тап-
тың ҳәм оның урпақларына қанан,
хет, амор, periз, ебус ҳәм гирғаш
халықларының жерлерин бериў

---

a **8:14** Леб 23:33-43.

ушын, оның менен келисим дүздиң. Сен ўәдеңди орынладың, себеби Сен әдилсең.

9 Сен ата-бабаларымыздың Мысырда шеккен азапларын көрдиң
ҳәм Қызыл теңиз жанындағы олар-
дың дад-пәриядын еситтиң. 10 Мен-
менсип, ата-бабаларымызға жәбир
көрсеткени ушын, Сен фараонға,
оның барлық хызметкерлерине ҳәм
сол жердеги оның пүткил халқына кәраматлы белгилер ҳәм таң қаларлық ислер көрсеттиң. Сол себепли бүгинге дейин Өзиңниң даңқлы атыңды сақлап қалдың.
11 Сен ата-бабаларымыздың көз ал-
дында теңизди екиге айырдың ҳәм
олар теңизди қурғақ жер арқалы кесип өтти. Ал оларды қуўғанларды болса, терең сууға ылақтырылған тас киби теңиз түбине батырып
жибердиң. 12 Күндиз минара сыяқ-
лы булт болып, түнде олардың жүретуғын жолларына жақты түсириў ушын минара сыяқлы от болып, ата-бабаларымызға жол көрсеттиң.

13 Сен Синай таўына түсип, ас-
паннан олар менен сөйлестиң ҳәм
оларға әдил нызамлар, дурыс көрсетпелер, ийгиликли қағыйдалар
ҳәм буйрықлар бердиң. 14 Оларға
Өзиңниң мухаддес Шаббат күниңди билдирдиң. Қулың Муўса арқалы буйрықлар, қағыйдалар ҳәм
нызамлар бердиң. 15 Аш болғанын-
да, аспаннан нан жаўдырдың, шөллегенинде, жартастан суў шығарып бердиң. Сен оларға Өзиң беремен деп ант ишкен жерге барыўды ҳәм сол жерди ийелеўди буйырдың.

16 Бирақ ата-бабаларымыз тәкаббирлик ҳәм қайсарлық қылып, буйрықларыңа бойсынбады. 17 Олар
бойсыныўдан бас тартып, Сениң өзлериниң көз алдында ислеген кәраматларыңды умытты. Олар менменлик етти ҳәм Мысырдағы қуллыққа қайтыў ушын өзлерине бир басшы қойып алып, Саған қарсы бас көтерди. Бирақ Сен кеширетуғын, мийримли, реҳимли, сабыр-тақатлы ҳәм сүйиспеншилиги уллы Қудай болғанлықтан, оларды таслап кетпедиң. 18 Ҳәтте,
ата-бабаларымыз өзлерине тананың мүсинин ислеп алып: „Мине, бизлерди Мысырдан алып шыққан қудайымыз“, – деп Сени қатты хорлады.

19 Бирақ Сениң реҳимлилигиң уллы болғанлығы себепли, оларды шөлде таслап кетпедиң. Күндиз оларға жол көрсетиўши минара сыяқлы булт та, түнде олардың жүретуғын жолларына жақты түсириўши минара сыяқлы от та оларды тәрк етпеди. 20 Сен оларға тәлим
бериў ушын, Өзиңниң ийгиликли Руўхыңды бердиң. Аўызларынан маннаны[a] тартып алмадың, шөлин қандырыў ушын суў да бердиң.
21 Шөлде Сен оларды қырық жыл
бақтың: олар ҳеш нәрседен кемлик көрмеди, кийимлери де тозбады, аяқлары да қабармады.

22 Сен оларға патшалықлар менен
халықларды тәслим етип, олардың барлық жерлерин бөлистирип бердиң. Олар Хешбон патшасы Сихонның ҳәм Башан патшасы Огтың

---

a **9:20** *Манна* – Израил халқы Мысырдан шығып шөлде жүргенде, Қудай аспаннан берген азық. Шығ 16:1-36.

жерлерине ийелик етти. [23] Сен
олардың урпақларын аспандағы
жулдызлардай етип көбейттиң
ҳәм оларды ата-бабаларына: „Ки-
рип, ийелик етиңлер“, деген жерге
алып келдиң. [24] Олардың урпақла-
ры сол жерге кирип, оны ийеледи.
Сен оларға сол жердиң турғын-
лары болған қананлыларды бой-
сындырдың ҳәм қәлегенин қылыў
ушын, қананлылардың патшала-
ры менен халқын оларға тәслим
еттиң. [25] Олар қорған қалаларды,
өнимдар жерлерди басып алды ҳәм
түрли жақсы затлар менен тол-
тырылған үйлерди, қазылған суў
сақлағышларды, жүзимзарларды,
зәйтүн бағларын ҳәм көп санлы
мийўе ағашларын ийеледи. Олар
жеп тойды, семирди ҳәм Сениң
уллы ийгилигиңнен рәҳәтленди.

[26] Бирақ олар бойсынбай, Саған
қарсы бас көтерди. Олар Сениң
Нызамыңа арқасын бурып, Саған
қайтыўға шақырған пайғамбар-
ларыңды өлтирди. Усылай олар
Саған қатты тил тийгизди. [27] Сон-
лықтан Сен оларды душпанлары-
ның қолына бердиң, душпанлары
оларды езди. Олар азап шеккен
ўақытларында, Саған жалбарын-
ды. Сен оларды аспаннан еситтиң
ҳәм Өзиңниң уллы реҳимиң менен
оларға қутқарыўшыларды жибер-
диң. Қутқарыўшылар оларды душ-
панларының қолынан қутқарды.

[28] Бирақ олар тынышлыққа ерис-
кеннен соң, және Сениң көз ал-
дыңда жаман ислерди иследи. Сол
себепли Сен оларды қайтадан душ-
панларының қолына бердиң ҳәм
душпанлары олардың үстинен ҳү-
кимдарлық етти. Олар және Саған
жалбарынғанда, Сен оларды ас-
паннан еситтиң ҳәм Өзиңниң уллы
реҳимиң менен оларды көп мәрте
қутқарып алдың.

[29] Сен оларды Өз Нызамы-
ңа қайтарыў ушын ескертсең де,
қайсарлық етип, буйрықларыңа
бойсынбады ҳәм қағыйдаларың-
нан жүз бурып, гүна иследи. Егер
оларды орынлағанда, өмирге ери-
сер еди. Бирақ олар Саған терис қа-
рады ҳәм менменсип, бойсыныўдан
бас тартты. [30] Жыллар бойы олар-
ды шыдамлылық пенен күттиң. Өз
Руўхың менен пайғамбарларың
арқалы оларға ескерттиң. Бирақ
олар тыңламады. Сонлықтан Сен
оларды айналасындағы халықлар-
ға тәслим еттиң. [31] Бирақ Өзиңниң
уллы реҳимлилигиң себепли, олар-
ды толық жоқ қылмадың ҳәм тәрк
етпедиң. Себеби Сен мийримли ҳәм
реҳимли Қудайсаң.

[32] Қудайымыз, Өз келисимине
ҳәм сүйиспеншилигине садық бол-
ған мийримли, уллы, қүдиретли
ҳәм айбатлы Қудайсаң! Ассирия
патшаларының дәўиринен бүгин-
ге дейин бизлер шеккен азаплар,
патшаларымыз, басшыларымыз,
руўханийлеримиз, пайғамбарлары-
мыз, ата-бабаларымыз ҳәм пүткил
халқымыз шеккен азаплар Сениң
нәзериңде аз болып көринбегей.
[33] Басымызға түскен ҳәр бир исте
Сен әдил болдың. Өйткени Сен са-
дықлық пенен ис тутсаң да, бизлер
жаўызлық ислей бердик. [34] Патша-
ларымыз, басшыларымыз, руўха-
нийлеримиз ҳәм ата-бабаларымыз
Сениң Нызамың бойынша жасама-
ды, Сен берген буйрық ҳәм ескер-
тиўлерге қулақ аспады. [35] Олар өз

патшалығында, Сен берген уллы
жақсылық ишинде жасаса да, кең
ҳәм өнимдар жерлерди ажыратып
берсең де, олар Саған қулақ аспа-
ды ҳәм өзлериниң жаўыз ислери-
нен қайтпады.
[36] Мине, бүгин бизлер қулмыз.
Мийўелеринен жеп, ийгилигинен
татсын деп ата-бабаларымызға
берген жеринде қул болып жа-
сап атырмыз. [37] Гүналарымыз се-
бепли, жеримиздиң мол ҳасылын
үстимизден Өзиң қойған патша-
ларға беремиз. Олар өзлеримизди
де, малларымызды да қәлегенин-
ше басқарады. Бизлер қатты азап
шегип атырмыз».

### Халықтың миннетлеме алыўы

[38] «Усы ислер себепли бизлер
жазба түрде қатал миннетлеме ала-
мыз. Оған басшыларымыз, лебий-
лилеримиз ҳәм руўханийлеримиз
қол қойып, мөр басады».

## 10

[1] Миннетлемеге мөр басқан-
лар мыналар еди:
Хахалия улы ҳәким Нехемия ҳәм
Седекия.
[2] Руўханийлер:
Серая, Азария, Еремия, [3] Пашхур,
Амария, Малкия, [4] Хаттуш, Шеба-
ния, Маллух, [5] Харим, Меремот,
Обадия, [6] Даниел, Гиннетон, Ба-
рух, [7] Мешуллам, Абия, Миямин,
[8] Маазия, Билгай, Шемая.
[9] Лебийлилер:
Азания улы Ешуа, Хенадад урпақ-
ларынан Биннуй, Қадмиел, [10] олар-
дың туўысқанлары: Шебания, Ҳодия,
Келита, Пелая, Ханан, [11] Миха, Ре-
хоб, Хашабия, [12] Заккур, Шеребия,
Шебания, [13] Ҳодия, Баний, Бенину.
[14] Халық басшылары:
Парош, Пахат-Моаб, Элам, Зат-
ту, Баний, [15] Бунний, Азгад, Бебай,
[16] Адония, Бигўай, Адин, [17] Атер,
Хизкия, Аззур, [18] Ҳодия, Хашум,
Бетсай, [19] Хариф, Анатот, Не-
бай, [20] Магпиаш, Мешуллам, Хе-
зир, [21] Мешезабел, Садоқ, Яддуа,
[22] Пелатия, Ханан, Аная, [23] Ҳошеа,
Ханания, Хашшуб, [24] Ҳаллохеш,
Пилха, Шобек, [25] Рехум, Хашаб-
на, Маасея, [26] Ахия, Ханан, Анан,
[27] Маллух, Харим, Баана.
[28] Қалған халықтың ҳәммеси:
руўханийлер, лебийлилер, дәрўа-
за қараўыллары менен Ибадатха-
на хызметшилери, қосықшылар,
Қудайдың Нызамына муўапық бас-
қа халықлардан бөлекленген ҳәр
бир адам ҳаяллары ҳәм оқылғанды
түсине алатуғын ул-қызлары менен
бирге [29] өз туўысқанларына, яғный
ақсүйеклерге қосылып былай деп
ант ишти: «Бизлер Қудайдың Өз
қулы Муўса арқалы берген Ныза-
мы бойынша жасаймыз, Ийемиз
болған Жаратқан Ийениң барлық
буйрықларына, нызам ҳәм қағый-
даларына толық бойсынамыз. Ал
бойсынбағанларға нәлет жаўсын!
[30] Әтирапымыздағы халықлар ме-
нен қыз алып, қыз бериспеймиз.
[31] Егер әтираптағы халықлар Шаб-
бат күни қандай да бир затын ямаса
бийдайын сатыў ушын алып кел-
се, олардан Шаббат күни ямаса
қандай да бир мухаддес күнде зат
сатып алмаймыз. Ҳәр жети жыл-
дың жетинши жылында бир рет
жерди сүрмеймиз ҳәм қарызла-
рымыздан кешемиз. [32] Қудайы-
мыздың Үйиндеги хызмет ушын
жылына шекелдиң үштен бирин

бериў миннетлемесин өзимизге
аламыз. [33] Бул ақша усынылған
нанлар, күнделикли ғәлле садақа-
лары, күнделикли жандырылату-
ғын қурбанлықлар, Шаббат күни,
Жаңа ай байрамлары, белгиленген
байрамлар, мухаддес садақалар,
Израил урпақларын пәклеў ушын
берилетуғын гүна қурбанлықлары
ҳәм Қудайымыздың Үйиндеги бас-
қа ислер ушын жумсалады. [34] Биз-
лер – руўханийлер, лебийлилер ҳәм
халық биргеликте шек таслаймыз.
Ол арқалы Нызамда жазылғанына
муўапық, Қудайымыз Жаратқан
Ийениң қурбанлық орнында жа-
ғылатуғын отынды ҳәр жылы
белгиленген ўақытта Қудайы-
мыздың Үйине қайсы әўладтың
алып келетуғынын белгилеп ала-
мыз. [35] Ҳәр жылы егинимиздиң
ҳәм ҳәр бир мийўе ағашымыздың
биринши өнимин Жаратқан Ийе-
ниң Үйине алып келемиз. [36] Ны-
замда жазылғанындай, туңғыш
улларымызды, малларымыздың
биринши төллерин, сондай-ақ
ири ҳәм майда малларымыздың
биринши төллерин Қудайымыз-
дың Үйине, сол жерде хызмет етип
атырған руўханийлерге алып келе-
миз. [37] Және қамырдың биринши
зуўаласынан жабылған нанымыз-
ды, басқа өнимлеримизден бери-
летуғын садақалардың, барлық
мийўе ағашларымыздың мийўе-
лериниң, шараптың ҳәм зәйтүн
майының дәслепки өнимлерин
Қудайымыздың Үйиндеги затлар
сақланатуғын бөлмеге қосыў ушын
руўханийлерге беремиз. Ал жери-
мизден өнген өнимнен берилету-
ғын оннан бирин лебийлилерге
беремиз. Себеби дийханшылық
пенен шуғылланатуғын ҳәмме қа-
лалардан алынатуғын оннан бирди
лебийлилер жыйнайды. [38] Лебий-
лилер оннан бирин жыйнап атыр-
ғанда, Харон урпағынан болған бир
руўханий олардың қасында бола-
ды. Лебийлилер өзлери жыйнаған
оннан бирден оннан бирин Қудай-
дың Үйиндеги затлар сақланатуғын
бөлмеге береди. [39] Израил халқы
ҳәм лебийлилер бийдайдан, жаңа
шараптан, зәйтүн майынан бери-
летуғын садақаларды сол затлар
сақланатуғын бөлмелерге алып
келеди. Ол жерде Мухаддесхана
буйымлары сақланады. Сондай-ақ
руўханийлер, дәрўаза қараўыллары
ҳәм қосықшылар хызмет ўақтын-
да сол жерде болады.

Бизлер Қудайымыздың Үйин қа-
раўсыз қалдырмаймыз».

### Ерусалим турғынлары

11 [1] Халық басшылары мухад-
дес қала Ерусалимде қалып,
сол жерге орналасты. Халықтың он-
нан бириниң мухаддес қалаға, Еру-
салимге келип жасаўы ушын шек
тасланды. Ал қалған тоғыз бөлеги
өз қалаларында қалды. [2] Және Еру-
салимде жасап қалыўды қәлегенлер-
диң ҳәммесине халық пәтия берди.

[3] Деген менен, базы израиллылар,
руўханийлер, лебийлилер, Ибадат-
хана хызметшилери, Сулайманның
хызметшилериниң урпағынан бол-
ғанлар өз ийеликлеринде, Яҳуда
қалаларында жасады. Ерусалим-
де жасайтуғын ўәлаят басшылары
мыналар еди: [4] Яҳуда ҳәм Бенямин
урпақларынан базылары Еруса-
лимге орналасты.

Яҳуда урпақларынан: Перес нәси-
линен Атая. Атая Уззия улы, Уззия
Зехария улы, Зехария Амария улы,
Амария Шефатия улы, Шефатия
Маҳалалел улы еди. 5 Шела нәси-
линен Маасея. Маасея Барух улы,
Барух Кол-Хозе улы, Кол-Хозе Ха-
зая улы, Хазая Адая улы, Адая Ио-
яриб улы, Иояриб Зехария улы еди.
6 Перес урпақларынан 468 адам
Ерусалимге орналасты. Олар ба-
тыр жаўынгерлер еди.

7 Бенямин урпағынан:

Мешуллам улы Саллу. Мешул-
лам Иоед улы, Иоед Педая улы, Пе-
дая Қолая улы, Қолая Маасея улы,
Маасея Итиел улы, Итиел Ешая
улы еди. 8 Саллуға Габбай ҳәм Сал-
лай қосылып, ҳәммеси болып 928
адам болды. 9 Зихрий улы Иоел
оларға басшылық етти, ал Ҳассе-
нуа улы Яҳуда қалада Иоелден ке-
йинги екинши басшы еди.

10 Руўханийлерден: Иояриб улы
Едая, Яхин, 11 Қудайдың Үйиниң
бас хызметшиси Серая. Серая Хил-
кия улы, Хилкия Мешуллам улы,
Мешуллам Садоқ улы, Садоқ Ме-
райот улы, Мерайот Ахитуб улы
еди. 12 Олардың Қудайдың Үйин-
де хызмет ететуғын туўысқанла-
рының саны 822 адам.

Ерохам улы Адая. Ерохам Пе-
лалия улы, Пелалия Амсий улы,
Амсий Зехария улы, Зехария Паш-
хур улы, Пашхур Малкия улы еди.
13 Адаяның әўлад басшылары бол-
ған туўысқанлары барлығы болып
242 адам.

Азарел улы Амашсай. Азарел
Ахзай улы, Ахзай Мешиллемот
улы, Мешиллемот Иммер улы еди.
14 Амашсайдың батыр жаўынгер
болған туўысқанлары 128 адам.
Олардың басшысы Ҳаггедолим улы
Забдиел еди.

15 Лебийлилерден: Хашшуб улы
Шемая. Хашшуб Азриқам улы,
Азриқам Хашабия улы, Хашабия
Бунний улы еди. 16 Лебийлилер-
диң басшыларынан Шаббетай ҳәм
Иозабад. Олар Қудайдың Үйиниң
сыртқы ислери менен шуғыллана-
туғын еди. 17 Миха улы Маттания
тәрийиплеў дуўасын алып барыў-
шы бас жетекши еди. Миха Забдий
улы, Забдий Асаф улы еди. Матта-
нияның туўысқанларынан бири
Бақбуқыя оннан кейинги екинши
дәрежели хызметши еди. Және де,
Шаммуа улы Абда да бар еди. Шам-
муа Галал улы, Галал Едутун улы
еди. 18 Муқаддес қалада жасайту-
ғын лебийлилер барлығы болып
284 адам еди.

19 Дәрўаза қараўыллары:

Дәрўазаларда Аққуб, Талмон ҳәм
олардың туўысқанлары нәўбетши-
лик ететуғын еди. Олар ҳәммеси
болып 172 адам еди.

20 Израиллылардың, руўханий-
лердиң ҳәм лебийлилердиң қалған-
лары Яҳуданың барлық қалалары
бойлап, өз үлесине тийген жерде
жасады.

21 Ибадатхана хызметшилери
Офел төбешигинде жасады. Олар-
ды Сиха менен Гишпа басқарды.

22 Лебийлилердиң Ерусалимде-
ги басшысы Баний улы Уззий бо-
лып, Баний Хашабия улы, Хашабия
Маттания улы, Маттания Миха улы
еди. Уззий Қудайдың Үйинде қо-
сық айтыў хызметин атқарып кел-
ген Асафтың урпақларынан еди.
23 Патшаның қосықшыларға берген

айрықша пәрманы бар еди. Қосық-
шыларға ҳәр күн ушын белгиленген
муғдарда қаржы ажыратылған еди.
24 Яҳуда улы Зерах урпақларынан
Мешезабел улы Петахия Израил
халқына байланыслы барлық ис-
лерде Персия патшасының кеңес-
шиси болды.

### Ерусалимниң сыртындағылар

25 Яҳуда урыўының айырым
адамлары өз атызларына жақын
жердеги қалаларда жасап қалды.
Олар: Кирят-Арбада ҳәм оған ти-
йисли аўылларда, Дибонда ҳәм
оған тийисли аўылларда, Еқабсе-
елде ҳәм оған тийисли аўылларда,
26 Ешуада, Молададa, Бейт-Пелетте,
27 Хасар-Шуалда, Беер-Шебада ҳәм
оған тийисли аўылларда, 28 Сик-
лагта, Мехонада ҳәм оған тийисли
аўылларда, 29 Эн-Риммонда, Сора-
да, Ярмутта, 30 Заноахта, Адуллам-
да ҳәм оған тийисли аўылларда,
Лахиште ҳәм оған тийисли атыз-
ларда, Азеқада ҳәм оған тийис-
ли аўылларда жасап қалды. Олар
Беер-Шебадан Ҳинном ойпатлы-
ғына шекемги жерлерге орналасты.
31 Бенямин урпақлары Геба, Мих-
мас, Айя, Бейт-Эл ҳәм оның әтира-
пындағы аўылларда, 32 Анатот, Ноб,
Анания, 33 Хасор, Рама, Гиттайым,
34 Хадид, Себоим, Небаллат, 35 Лод,
Оно ҳәм Ге-Харашим ойпатлығын-
да жасады. 36 Яҳуда жеринен келген
лебийлилердиң айырым топарлары
бенияминлилер арасына орналасты.

### Руўханийлер менен лебийлилердиң дизими

12 1 Шеалтиел улы Зеруббa-
бел ҳәм бас руўханий Ешуа
менен бирге сүргиннен қайтып
келген руўханийлер менен лебий-
лилер мыналар еди:
Руўханийлер: Серая, Еремия,
Эзра, 2 Амария, Маллух, Хаттуш,
3 Шекания, Рехум, Меремот, 4 Иддо,
Гиннетон, Абия, 5 Минямин, Моа-
дия, Билга, 6 Шемая, Иояриб, Едая,
7 Саллу, Амоқ, Хилкия, Едая. Бу-
лар Ешуаның дәўиринде өзлериниң
изиндеги барлық руўханийлерге
басшылық еткен еди.
8 Лебийлилер:
Ешуа, Биннуй, Қадмиел, Шере-
бия, Яҳуда ҳәм Маттания. Мат-
тания өз туўысқанлары менен
бирге тәрийиплеў қосықларын
алып барыў исине жуўапкер еди.
9 Ал олардың туўысқанлары Бақ-
буқыя менен Унний хызмет ўақ-
тында олардың қарсы алдында
туратуғын еди.
10 Бас руўханий болған Ешуа Ио-
якимниң әкеси еди. Иояким Эля-
шибтиң әкеси, Эляшиб Иояданың
әкеси, 11 Иояда Юхананның әкеси,
Юханан Яддуаның әкеси еди.
12 Бас руўханий Иояким дәўи-
ринде әўлад басшылары болған
руўханийлер мыналар еди: Серая
нәсилинен Мерая, Еремия нәси-
линен Ханания, 13 Эзра нәсилинен
Мешуллам, Амария нәсилинен Еҳо-
ханан, 14 Маллух нәсилинен Ио-
натан, Шекания нәсилинен Юсуп,
15 Харим нәсилинен Адна, Меремот
нәсилинен Хелқай, 16 Иддо нәси-
линен Зехария, Гиннетон нәсили-
нен Мешуллам, 17 Абия нәсилинен
Зихрий, Минямин нәсилинен бир
басшы, Моадия нәсилинен Пилтай,
18 Билга нәсилинен Шаммуа, Ше-
мая нәсилинен Еҳонатан, 19 Иояриб

нәсилинен Маттенай, Едая нәси-
линен Уззий, [20] Саллу нәсилинен
Қаллай, Амоқ нәсилинен Эбер,
[21] Хилкия нәсилинен Хашабия,
Едая нәсилинен Нетанел.

[22] Бас руўханийлер болған Эля-
шиб, Иояда, Юханан ҳәм Яддуаның
ўақтында, Персия патшасы Дарий-
диң ҳүкимдарлығы дәўиринде, ле-
бийли әўлад басшыларының ҳәм
руўханийлердиң дизими жазып қо-
йылды. [23] Эляшиб улы Юхананның
заманына дейинги лебийли әўлад
басшыларының дизими жылнама
китабына жазылды.

[24] Лебийли басшылардан Хаша-
бия, Шеребия ҳәм Қадмиел улы
Ешуа бир тәрепте, олардың ту-
ўысқанлары қарсы тәрепте турып,
Қудайдың адамы болған Даўыттың
көрсетпесине муўапық, гезекпе-ге-
зек алғыс-мақтаў ҳәм тәрийиплеў
қосықларын айтатуғын еди.

[25] Маттания, Бақбуқыя, Обадия,
Мешуллам, Талмон ҳәм Аққуб нәў-
бет пенен дәрўаза қараўыллары
болып, Ибадатхана дәрўазасының
ишиндеги затлар сақланатуғын
бөлмелерди қараўыллайтуғын еди.

[26] Олар Иосадақтың ақлығы,
Ешуаның улы Иояким, ҳәким Не-
хемия, улама ҳәм руўханий Эзра
жасаған дәўирде хызмет етти.

### Ерусалим дийўалының питиўи

[27] Ерусалимниң жаңа дийўалла-
рының питкенине арнап рәсим өт-
кергенде, тәрийиплеў қосықларын
айтып, кимбал, арфа ҳәм лиралар[a]
шертип, оны қуўанышлы түрде
өткериў ушын, ҳәмме жерде жасап
атырған лебийлилер Ерусалимге
шақыртылды. [28] Қосықшылар Еру-
салимниң әтирапындағы үлкелер-
ден, нетофалылардың аўылларынан,
[29] Бейт-Гилгалдан ҳәм Геба менен
Азмаўет жерлеринен келди. Себеби
қосықшылар Ерусалим әтирапынан
өзлери ушын аўыллар қурып алған
еди. [30] Руўханийлер менен лебий-
лилер дәслеп өзлерин пәклеў рәси-
минен өткерди, соңынан халықты,
дәрўазаларды ҳәм дийўалды пәкледи.

[31] Сонда мен Яҳуда басшыларын
дийўалдың үстине шығардым ҳәм
тәрийиплеў қосықларын айтату-
ғын үлкен еки топарды тайынладым.
Олардың биреўи дийўалдың оң тәре-
пи бойлап, Тезек дәрўазасына қарай
жүрди. [32] Олардың изинен Ҳошая
ҳәм Яҳуда басшыларының ярымы,
[33] Азария, Эзра, Мешуллам, [34] Яҳу-
да, Бенямин, Шемая, Еремия, [35] ҳәм
кәрнай шерткен бир неше руўханий-
лер жүрди. Олардан бири Ионатан
улы Зехария болып, Ионатан Шемая
улы, Шемая Маттания улы, Матта-
ния Михая улы, Михая Заккур улы,
Заккур Асаф улы еди. [36] Зехарияның
туўысқанлары Шемая, Азарел, Ми-
лалай, Гилалай, Маай, Нетанел, Яҳу-
да ҳәм Ханаций Қудайдың адамы
болған Даўыттың саз әсбапларына
уқсаған әсбапларды шертип жүрди.
Олардың алдында улама Эзра жүр-
ди. [37] Олар Булақ дәрўазасынан өтип,
Даўыттың қаласының дийўалына
қарай көтерилетуғын текшелер ар-
қалы Даўыттың сарайының үстинги
тәрепинен кесип өтип, шығыс тәреп-
теги Суў дәрўазасына қарай кетти.

---

a **12:27** *Лира* – бармақ пенен шертилетуғын тарлы саз әсбабы.

[38] Тәрийиплеў қосықларын айта-
туғын екинши топар дийўалдың үс-
ти бойлап, шеп тәрепке қарай жүрди.
Мен де халықтың ярымы менен
бирге олардың изине ердим. Бизлер
Тандырлар минарасынан өтип, Кең
дийўалға қарай жүрдик. [39] Эфрайым
дәрўазасын, Ешана дәрўазасын, Ба-
лық дәрўазасын, Хананел минара-
сын, Жүзлик минарасын ҳәм Қой
дәрўазасын басып өтип, Сақшылар
дәрўазасына келип тоқтадық.

[40] Кейин тәрийиплеў қосықларын
айтатуғын еки топар Қудайдың
Үйиндеги өзлериниң орнында тур-
ды. Мен де, мениң жанымда болған
басшылардың ярымы да сол жер-
де турды. [41] Руўханийлер: Эляким,
Маасея, Минямин, Михая, Элйо-
енай, Зехария,Ханания жанымда
кәрнай шертип жүрди. [42] Және де,
Маасея, Шемая, Элазар, Уззий, Еҳо-
ханан, Малкия, Элам ҳәм Эзер де
бар еди. Қосықшылар Израхияның
басшылығында бақырып қосық
айтты. [43] Сол күни көп қурбанлық-
лар берилди. Халық шадлыққа бө-
ленди, себеби Қудай оларға үлкен
қуўаныш сыйлаған еди. Ҳаяллар
да, балалар да шадлыққа бөленди,
Ерусалимниң шадлығы узақ-узақ-
ларға еситилип турды.

[44] Сол күни берилген садақалар,
дәслепки өнимлер ҳәм ҳәмме зат-
тың оннан бири сақланатуғын бөл-
мелер үстинен жуўапкер адамлар
хызметке қойылды. Ҳәмме яҳу-
далылардың руўханийлер менен
лебийлилердиң хызметинен кеў-
ли тоқ болғанлықтан, Нызам бо-
йынша қалалардың әтирапындағы
егислик жерлерден жыйналатуғын,
руўханийлер менен лебийлилерге
арналған үлеслер усы бөлмелер-
ге алып келинди. [45] Руўханий-
лер менен лебийлилер өзлериниң
Қудайының хызметин ҳәм пәклеў
хызметин алып барды. Қосықшы-
лар менен дәрўаза қараўыллары да
Даўыттың ҳәм оның улы Сулай-
манның көрсетпеси бойынша өз
хызметлерин атқарды. [46] Өйткени
бурыннан Даўыт пенен Асафтың
дәўиринде қосықшыларға жетек-
ши қойылған болып, Қудайға ар-
нап алғыс-мақтаў ҳәм тәрийиплеў
қосықларын айтатуғын еди. [47] Зе-
руббабелдиң ҳәм Нехемияның за-
манында пүткил Израил халқы
қосықшылар менен қараўылларды
күнделикли азық-аўқат пенен тә-
мийинлеп турды. Халық лебийли-
лерге өз үлеслерин айырып берди,
лебийлилер де Харон урпақларына,
яғный руўханийлерге тийислисин
ажыратып берди.

### Нехемияның соңғы киргизген жаңалығы

**13** [1] Сол күни Муўсаның ки-
табы халыққа оқып берил-
ди. Китапта былай деп жазылған
еди: «Аммонлар менен моаблылар
ҳеш қашан Қудайдың жәмийетине
кире алмайды. [2] Себеби олар Из-
раил халқы Мысырдан шыққанда,
оларды суў ҳәм нан менен қарсы
алыўдың орнына, израиллылар-
ды ғарғаў ушын Биламды жаллап
алды. Бирақ Қудайымыз ғарғысты
жарылқаўға айландырды».[a] [3] Бул
Нызамды еситкеннен соң, Израил

---

[a] **13:1-2** Нзм 23:3-5.

халқы барлық өзге миллет адамла-
рын өзлеринен бөлекледи.
4 Буннан алдын Қудайымыз-
дың Үйиндеги затлар сақланату-
ғын бөлмеге руўханий Эляшиб
қадағалаўшы етип тайынланған
еди. Ол Тобия менен жақын байла-
ныста болып, 5 Тобияға үлкен бир
бөлме ажыратып берген еди. Бу-
рын бул бөлмеге ғәлле садақалары,
хош ийисли түтетки, Ибадатхана
буйымлары, сондай-ақ нызам бо-
йынша лебийлилерге, қосықшы-
ларға ҳәм дәрўаза қараўылларына
тийисли болған дән, шарап ҳәм
зәйтүн майынан алынған оннан
бирлер, руўханийлерге берилген
садақалар қойылатуғын еди.
6 Бирақ бул ислер болып атыр-
ған ўақытта мен Ерусалимде емес
едим. Себеби Бабилония патша-
сы Артаксеркстиң патшалығының
отыз екинши жылы мен патшаға
кеткен едим. Бир неше ўақыт өт-
кеннен кейин, мен патшадан рух-
сат алып, 7 Ерусалимге қайттым.
Сонда Эляшиб ислеген жаман ис,
яғный Эляшибтиң Тобияға Қудай-
дың Үйиниң ҳәўлисинен бир бөлме
ажыратып бергенин билдим. 8 Бу-
ған қатты ғәзебим келип, Тобияға
тийисли ҳәмме затларды бөлмеден
шығарып, ылақтырдым. 9 Кейин
бөлмелерди пәклеўди буйырдым.
Соңынан Қудайдың Үйине тийис-
ли буйымларды, ғәлле садақаларын
ҳәм хош ийисли түтеткини ол жер-
ге қайтадан қойдырдым.
10 Және де, лебийлилерге өз үлес-
лери берилмегенин, сол себепли
Ибадатханада хызмет етип жүр-
ген лебийлилер менен қосықшы-
лар өз атызларына кетип қалғанын
билдим. 11 Сонда ел басшыларына
кейип, оларға: «Қудайдың Үйи неге
қараўсыз қалды?» – дедим. Соңы-
нан кетип қалғанлардың ҳәмме-
син қайта жыйнап, өз орынларына
хызметке қойдым. 12 Сонда пүт-
кил Яҳуда халқы дәннен, шарап-
тан ҳәм зәйтүн майынан беретуғын
оннан бир бөлегин затлар сақла-
натуғын бөлмелерге алып келе бас-
лады. 13 Мен руўханий Шелемияны,
улама Садоқты ҳәм лебийлилерден
Педаяны затлар сақланатуғын бөл-
мелерге жуўапкер етип, ал Матта-
нияның ақлығы, Заккурдың улы
Хананды оларға жәрдемши етип
қойдым. Булар садық адамлар еди.
Олардың ўазыйпасы Лебий урыўы-
нан болған туўысқанларына үлес-
лерин бөлип бериўден ибарат еди.
14 Қудайым, мени ядқа ала гөр.
Қудайымның Үйи ушын ҳәм ондағы
хызметлер ушын ислеген жақсы ис-
леримди ҳеш қашан умытпағайсаң!
15 Сол күнлери Яҳудада базы
адамлардың Шаббат күни искенже-
де жүзим сығып атырғанын көрдим.
Базылардың қап-қап дәнди ешекле-
рине жүклеп, және де шарап, жүзим,
әнжир ҳәм басқа да жүклерди артып,
Шаббат күни Ерусалимге алып кия-
тырғанын көрдим. Сол күни, мен
оларды азық-аўқат сатып атырғаны
ушын қатты ескерттим. 16 Соның
менен бирге Ерусалимде жасайту-
ғын тирлилер балық ҳәм ҳәр түрли
затлар алып келип, Шаббат күни
Ерусалимде жасайтуғын яҳудий-
лерге сатып жүрди. 17 Мен Яҳуда
ақсүйеклерине кейип, оларға бы-
лай дедим: «Неге бундай жаўыз ис-
лерди ислеп, Шаббат күнин хорлап
атырсызлар? 18 Ата-бабаларыңыз да

усылай ислегенликтен Қудайымыз
басымызға ҳәм бул қалаға апатшы-
лық жаўдырмады ма? Сизлер Шаб-
бат күнин хорлаў арқалы Қудайдың
Израилға деген ғәзебин лаўлатып
атырсызлар».
19 Буннан кейин, мен: «Шаббат
күнинен алдынғы күн геўгим тү-
се баслағаннан Ерусалим дәрўаза-
лары жабылып, олар Шаббат күни
өткенше ашылмасын», – деп бу-
йырдым. Шаббат күни қалаға ҳеш
бир жүктиң киргизилмеўи ушын,
хызметшилеримнен базыларын
дәрўазаларға қойдым. 20 Сонда
саўдагерлер ҳәм ҳәр қыйлы нәр-
селерди сатыўшылар бир-еки рет
Ерусалим сыртында түнеди. 21 Би-
рақ мен оларға қатты кейип: «Сиз-
лер неге дийўал жанында түнеп
атырсызлар? Егер және усылай ис-
лейтуғын болсаңыз, сизлерге қар-
сы шара қолланаман», – дедим. Сол
күннен баслап, олар Шаббат кү-
ни келмейтуғын болды. 22 Шаббат
күниниң мухаддеслигин сақлаў
ушын, мен лебийлилерге өзлерин
пәклеўди ҳәм келип, дәрўазаларда
нәўбетшилик етиўди буйырдым.
Қудайым, бул ис ушын да мени
еске алып, Өзиңниң уллы мийри-
миң менен маған рехим ете гөр!
23 Және мен сол күнлери Ашдод,
Аммон ҳәм Моаб жерлеринен бол-
ған ҳаялларға үйленген яҳудийлер-
диң де бар екенин билдим. 24 Ҳәтте,
олардың балаларының ярымы аш-
додлылар сөйлейтуғын тилде ямаса
басқа халықлардың тилинде сөйлеп,
еврей тилин билмейди екен. 25 Со-
ның ушын мен оларға кейип, нәлет
айттым. Айырым еркеклерди урып,
шашларын жулдым. Оларға Қудай
ҳақы былай ант ишкиздим: «Қыз-
ларыңызды өзге миллет адамлары-
на турмысқа бермеңлер, өзлериңиз
де, улларыңыз да олардың қызлары-
на үйленбеңлер. 26 Израил патша-
сы Сулайман да усындай ҳаяллар
себепли гүнаға батқан жоқ па еди?
Көплеген халықларда оған уқсаған
патша жоқ еди. Ол өз Қудайының сү-
йиклиси болғанлықтан, Қудай оны
пүткил Израил үстинен патша етип
қойған еди. Сондай болса да, өзге
миллетлерден алған ҳаяллары оны
да гүнаға баслады. 27 Өзге миллет
қызларына үйленип, Қудайымыз-
ға опасызлық еттиңиз. Ислеген бул
аса жаўызлығыңызды көрмесликке
алыўымыз керек пе?»
28 Бас руўханий Эляшибтиң улы
Иояданың улларынан бири хорон-
лы Санбаллаттың күйеў баласы
еди. Сол себепли мен оны жаным-
нан қуўып жибердим.
29 Қудайым, оларды еске ала гөр!
Себеби олар руўханийлик хызме-
тин, руўханийлик ҳәм лебийлик
келисимин[a] бузып, мухаддеслик-
ти ҳарамлады.
30 Усылайынша, мен руўханий-
лер менен лебийлилерди ҳәмме
жат нәрселерден тазаладым. Және
олардың хызметлерин қайта тик-
леп, жумысларын белгилеп бердим.
31 Жандырылатуғын отынлар ме-
нен егинниң дәслепки өнимлерин
белгиленген ўақытта алып келиў-
ди жолға қойдым.
Қудайым, буларды мениң ийги-
лигим ушын еске ала гөр!

---

a **13:29** Шығ 28:1; 29:1-9.

# Эстер китабы

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Эстер ҳаққындағы ўақыя Персия патшасының қысқы сарайында, Суза қорған қаласында болып өтеди. Персия патшасы Ахашўерош – илимпазлардың көпшилиги оның грек тарийхый дереклериндеги Ксеркс 1 (б. э. ш. 485-464) екенлигине исенеди. Бул патша ҳаялын, яғный ханбийке Ўаштийди қуўып жибергеннен соң, оның орнына Эстер атлы яҳудий қызын ханбийке етип, ҳаяллыққа алады. Эстер жетим болып, әкесиниң туўысқаны Мордохайдың қолында тәрбияланады. Мордохай патша сарайында хызмет ететуғын еди. Ол Эстерге өзиниң яҳудий екенлигин ҳеш кимге айтпаўды буйырған еди. Эстер де оған бойсынып, бул туўралы аўыз ашпайды.

Патшаның Ҳаман деген ҳәмелдары яҳудийлерди жек көретуғын еди. Ҳаман патшаны алдап, пүткил яҳудийлерди қырып таслаў ушын рухсат алады. Китапта Эстердиң өз өмирин қәўип астына қойып, яҳудийлердиң өмирин қалайынша сақлап қалғанлығы туўралы сөз етиледи.

Кейинирек Мордохай ҳәм Эстер ҳәмме жердеги яҳудийлерге хат жазып, онда өзлериниң қалай аман қалғанын еслеп турыў ушын, ҳәр жылы Пурим байрамын нышанлаўды буйырады.

Эстер китабында Қудай сөзи тилге алынбаған болса да, Қудайдың Эстерди ханбийке етип қойыўы арқалы, Өз халқын қалайынша қутқарғаны туўралы айтылады.

---

### Ахашўероштың зыяпатлары

**1** 1 Бул ўақыя патша Ахашўе-
роштың дәўиринде болған еди.
Ахашўерош Ҳиндистаннан Хабаш-
станға шекем созылған бир жүз
жигирма жети ўәлаяттың үстинен
патшалық ететуғын еди. 2 Сол ўа-
қытта патша Ахашўерош Суза қор-
ған қаласындағы тахтында отырып
ел басқарды. 3 Ол патшалығының
үшинши жылында өзиниң барлық
беклери ҳәм хызметшилери ушын
зыяпат берди. Персия ҳәм Мидия
әскербасылары, ақсүйеклер ҳәм бир
жүз жигирма жети ўәлаяттың бас-
шылары оның алдына келди. 4 Көп
күнлер, яғный бир жүз сексен күн

даўамында Ахашўерош өз патшалы-
ғының шексиз байлығын, уллылы-
ғының сулыўлығын ҳәм салтанатын
көрсетти.
[5] Сол күнлер тамам болғаннан
кейин, патша Суза қаласындағы
халықтың үлкен-кишисине арнап,
өз сарайының бағ ҳәўлисинде же-
ти күн зыяпат берди. [6] Ҳәўлиниң
мәрмер бақанларына орнатылған
гүмис ҳалқаларға шым қызыл ҳәм
ҳасыл зығыр арқанлар менен бай-
ланған ақ ҳәм қызғыш көк реңли
гезлемелер илдирилген еди. Мәр-
мер ҳәм ҳәр түрли реңдеги таслар
төселген ҳәўлиде алтын ҳәм гү-
мис орынлықлар орнатылған еди.
[7] Шараплар бир-биринен айрықша
болған ҳәр түрли алтын ыдыслар-
да берилди. Патшаның байлығы-
на жараса, оның шарабы да мол
болды. [8] Патшаның буйрығы бо-
йынша, ҳеш ким қонақларды ша-
рап ишиўге мәжбүрлемеди. Себеби
патша сарай хызметшилерине ҳәр
бир қонақтың тилегин орынлаўды
буйырған еди.

### Ханбийке Ўаштийдиң тажынан айырылыўы

[9] Сол ўақытта ханбийке Ўаштий
де патша Ахашўероштың сарайын-
да ҳаяллар ушын зыяпат берип
атырған еди.
[10] Жетинши күни шарап ишип
кеўли көтерилген патша өзиниң
Меҳуман, Бизта, Харбона, Биг-
та, Абагта, Зетар ҳәм Каркас атлы
жети ақтасына[a] [11] ханбийке Ўаш-
тийге таж кийдирип, алдына алып
келиўди буйырды. Патша халық-
қа ҳәм беклерге оның қаншелли
гөззал екенин көрсетпекши бол-
ды. Себеби ханбийке Ўаштий жү-
дә сулыў еди.
[12] Бирақ ханбийке Ўаштий ақ-
талардың патшадан әкелген буй-
рығын орынлаўдан бас тартып,
келиўди қәлемеди. Патшаның бу-
ған қатты ашыўы келип, ғәзеби
қайнап кетти.
[13] Патша заманның бағытын би-
летуғын данышпан адамлар менен
сөйлести. Өйткени ол өз ислерин
нызам ҳәм қағыйдаларды билету-
ғынлардың ҳәммеси менен кеңесип
ислейтуғын еди. [14] Сол ўақытта
патшаның жақынлары болған Кар-
шена, Шетар, Адмата, Таршиш, Ме-
рес, Марсена ҳәм Мемухан атлы
Персия ҳәм Мидияның жети ўә-
зири бар еди. Патшалықта жоқары
мәртебеге ийе болған усы адамлар
патша менен жүзбе-жүз көрисе ала-
туғын еди. [15] Патша олардан:
– Мениң ақталарым арқалы айт-
қан буйрығымды орынламағаны
ушын, нызам бойынша ханбий-
ке Ўаштийге не ислеў керек? – деп
сорады.
[16] Сонда патша ҳәм ўәзирлердиң
алдында Мемухан былай деп жу-
ўап берди:
– Ханбийке Ўаштий тек патша-
ға қарсы емес, ал барлық беклер-
ге ҳәм патшаның қолы астындағы
пүткил ўәлаятлардағы халықлар-
дың ҳәммесине қарсы айып иследи.
[17] Себеби ханбийкениң ислеген иси
туўралы ҳәмме ҳаяллар еситкенде:

---

[a] **1:10** *Ақта* – пишилген адам. Бундай адам көбинесе патшалар сарайында жоқары лаўазымларда ислейтуғын болған.

«Патша Ахашўерош ханбийке Ўаш-
тийди алдына алып келиўди буйыр-
ғанда, ханбийке бармапты», – деп
айтып жүреди ҳәм күйеўлерин мен-
синбей қояды. 18 Бүгин ханбий-
кениң усы иси туўралы еситкен
Персия ҳәм Мидия ақсүйеклери-
ниң ҳаяллары да өз күйеўлерине
сондай қатнаста болады ҳәм ор-
тадағы менсинбеўшиликлер ме-
нен кеўил қалыспақлардың шеги
болмайды. 19 Егер патшамыз мақул
көрсе: «Ўаштий енди патша Ахашўе-
роштың алдына келмесин ҳәм оның
ханбийке деген абырайы оннан гө-
ре жақсырағына берилсин», – де-
ген пәрман шығарсын. Бул пәрман
Персия ҳәм Мидияның ҳеш қашан
өзгертилмейтуғын нызамларына
қосымша етип жазып қойылсын.
20 Патшалықтың үлкен болыўына
қарамастан, патшаның бул пәрманы
пүткил патшалықтың ҳәмме жерине
жетип барғанда, бай ҳәм кәмбағал
ҳаяллардың ҳәммеси өз күйеўлерин
ҳүрмет ететуғын болады.

21 Бул гәп патшаға да, ўәзирлерге
де мақул түсти. Патша Мемуханның
айтқанындай иследи. 22 Ол өз қолы
астындағы барлық ўәлаятларға хат
жиберди. Хат ҳәр бир ўәлаятқа өз
жазыўында ҳәм ҳәр бир халыққа
өз тилинде жазылған болып, онда:
«Ҳәр бир еркек өз үйиниң хожайы-
ны болсын ҳәм өз ана тилинде сөй-
лесин», – деп жазылған еди.

### Эстердиң ханбийке болыўы

**2** 1 Патша Ахашўероштың ашыўы
басылғаннан кейин, ол Ўаш-
тийди, оның ислеген исин ҳәм оған
қарсы шығарылған ҳүкимди еси-
не түсирди. 2 Патшаның арнаўлы
хызметшилери: «Патшамыз ушын
жас, сулыў ҳәм пәк қызлар излен-
син. 3 Буның ушын патшаның қо-
лы астындағы барлық ўәлаятларда
бақлаўшылар тайынлансын. Олар
жас, сулыў ҳәм пәк қызларды Суза
қаласындағы ҳаял-қызлар сарайына
жыйнатып, патшаның ҳаялларына
қарайтуғын ақтасы Ҳегайдың қара-
ўына тапсырсын ҳәм оларға ийисли
затлар менен пардоз берилсин. 4 Пат-
шамызға унаған қыз Ўаштийдиң
орнына ханбийке болсын», – деди.
Бул гәп патшаға мақул болды ҳәм
ол солай иследи.

5 Суза қаласында Бенямин уры-
ўынан болған Мордохай деген бир
яҳудий жасайтуғын еди. Ол Яир
деген адамның улы болып, Яир
Шимейдиң, ал Шимей Киштиң
улы еди. 6 Киш Яҳуда патшасы Ехо-
ния[a] менен бирге Бабилония пат-
шасы Набуходоносор тәрепинен
Ерусалимнен сүргин етилип алып
келингенлердиң бири еди. 7 Мор-
дохайға әкеси жағынан туўысқан
болған Ҳадасса атлы бир қыз бар
еди. Басқа аты Эстер болған Ҳадас-
са ата-анасынан жетим қалғаннан
соң, Мордохай оны асырап алып
тәрбиялады. Қыз қәдди-қәўмети
келискен, сулыў еди.

8 Патшаның буйрығы менен пәр-
маны жәрияланғаннан соң, көп
қызлар Суза қаласына әкелинип,
ҳаял-қызлар ушын жуўапкер бол-
ған Ҳегайдың қараўына тапсырыл-
ды. Патша сарайына әкелинген
қызлардың ишинде Эстер де бар

---

a **2:6** *Ехония* – Еҳоякинниң басқа аты. 4Пат 24:6 қараң.

еди. 9 Ҳегай Эстерди унатты ҳәм оған кеўли толды. Ол Эстерге пардозланыўы ушын керекли затларды ҳәм оған арналған азық-аўқатларды бериўге асықты. Оған хызмет етиў ушын патша сарайынан сайланған жети қызды белгиледи. Эстерди ҳәм оның кәнизеклерин ҳаял-қызлар сарайының ең жақсы бөлмесине жайластырды.

10 Эстер өз халқы ҳәм өз ата теги ҳаққында ашық айтпады. Себеби Мордохай оған бул туўралы аўыз ашпаўды буйырған еди. 11 Мордохай ҳәр күни Эстердиң аўҳалынан хабар алыў ушын ҳәм оған не болып атырғанын билиў ушын ҳаял-қызлар сарайының ҳәўлиси әтирапында жүретуғын еди.

12 Патша Ахашўероштың алдына кириў гезеги келгенше, ҳәр бир жас қызға он еки ай даўамында пардоз берилетуғын еди. Қызлар ушын шығарылған қағыйда усындай болып, оларға алты ай мирра майы[a], алты ай әтир майлары ҳәм пардозлайтуғын затлар жағылатуғын еди.
13 Соңынан қыз патшаның алдына киретуғын еди. Қыз патша сарайына кирер алдынан ҳаяллар сарайынан нени алыўды қәлесе, оған ҳәммеси берилетуғын еди. 14 Кеште патшаның бөлмесине кирген қыз ертеңине азанда патшаның тоқалларына қарайтуғын ақтасы Шаашгаздың бақлаўы астындағы екинши ҳаяллар сарайына қайтатуғын еди. Патшаға унамаған ҳәм аты айтып шақырылмаған қыз патшаның жанына қайтып кире алмайтуғын еди.

15 Патшаның бөлмесине кириў гезеги Мордохайдың асырап алған қызына, яғный оның ағасы Абихайылдың қызы Эстерге келгенде, ол патшаның ҳаялларын қараўыллайтуғын ақтасы Ҳегайдың айтқанларын ғана алды ҳәм басқа ҳеш нәрсе сорамады. Эстер өзин көрген ҳәр бир адамның кеўлине унап қалды.
16 Солай етип, Ахашўероштың патшалық етиўиниң жетинши жылының оныншы айы, тебет айында Эстер патша Ахашўероштың сарайына апарылды.

17 Патша Эстерди басқа қызлардан гөре көбирек жақсы көрип қалып, оған кеўли толды ҳәм Эстерди басқа ҳаял-қызларға қарағанда көбирек унатты. Ахашўерош Эстердиң басына таж кийдирип, оны Ўаштийдиң орнына ханбийке етип қойды.
18 Соңынан патша барлық ўәзирлери ҳәм хызметшилери ушын Эстердиң ҳүрметине үлкен зыяпат берди. Ол ўәлаятларға байрам жәрия етти ҳәм патшаларға ылайық сақыйлық пенен саўғалар үлестирди.

### Мордохайдың патшаның өмирин сақлап қалыўы

19 Қызлар екинши рет жыйналғанда, Мордохай сарайда өз хызметин атқарып отырған еди. 20 Эстер Мордохайдың буйрығы бойынша өзиниң ата теги ҳәм халқы ҳаққында еле ҳеш нәрсе айтпаған еди. Эстер Мордохайдың тәрбиясында болған ўақтында оған қалай бойсынатуғын болса, ҳәзир де солай бойсынатуғын еди.

---

a **2:12** *Мирра майы* – қандай да бир теректиң ширесинен алынып, қайта ислеп таярланған хош ийисли май.

[21] Сол күнлери Мордохай сарай-
да өз хызметин атқарып отыр-
ғанда, дәрўаза сақшылары болған
Бигтан ҳәм Тереш деген еки ақта
патша Ахашўерошқа ашыўланып,
оны өлтириўди режелестирди.
[22] Мордохай бул исти билген-
де, ханбийке Эстерге хабарлады.
Эстер оны Мордохайдың атынан
патшаға жеткизди. [23] Бул ўақыя
тексерилип, дурыс деп табылды
ҳәм еки сақшы да дарға асылды.
Кейин бул ўақыя жылнама кита-
бына патшаның көз алдында жа-
зып қойылды.

## Ҳаманның яҳудийлерди жоқ қылыўды ойлаўы

**3** [1] Бул ўақыядан кейин патша
Ахашўерош Агаг әўладынан
болған Ҳаммедата улы Ҳаманды
жоқары лаўазымға тайынлап, оның
мәртебесин көтерди. Оны барлық
ўәзирлерден де жоқары бийликке
ийе қылды. [2] Патшаның буйрығы бо-
йынша, патша сарайындағы хызмет-
шилердиң ҳәммеси Ҳаманға тәжим
етип, жерге дейин ийилетуғын еди.
Бирақ Мордохай оған тәжим етпеди
де, жерге дейин ийилмеди де. [3] Пат-
ша сарайындағы хызметшилер Мор-
дохайдан: «Сен не ушын патшаның
буйрығына бойсынбай атырсаң?» –
деп сорады. [4] Олар бул сөзди ҳәр кү-
ни қайталаса да, Мордохай оларды
тыңламады. Сонлықтан олар буны
Ҳаманға жеткизди. Себеби Мордо-
хай оларға өзиниң яҳудий екенин
айтқан еди ҳәм олар Мордохайдың
усылай ислеўди даўам ететуғынын
ямаса етпейтуғынын көргиси келди.
[5] Ҳаман Мордохайдың өзине тә-
жим етип, жерге дейин ийилме-
генин көргенде, ашыўдан түтеп
кететуғын еди. [6] Ҳаман Мордохай-
дың жалғыз өзин өлтириўди ой-
лап қоймай, Мордохайдың қайсы
халықтан екенин билгенликтен,
Ахашўероштың пүткил патшалы-
ғындағы барлық яҳудийлерди, яғ-
ный Мордохайдың пүткил халқын
қырып таслаўды қарар етти.
[7] Ахашўероштың патшалығы-
ның он екинши жылының бирин-
ши айында, нисан айында бул исти
әмелге асыратуғын күн ҳәм айды
белгилеў ушын Ҳаманның алдын-
да пур, яғный шек тасланды. Шек
он екинши айға, адар айына түсти.
[8] Соңынан Ҳаман патша Ахаш-
ўерошқа былай деди:
– Патшалығыңыздағы барлық
ўәлаятлардағы халықлар арасына
жайылып, тарап кеткен бир халық
бар. Олардың нызамлары басқа
барлық халықлардың нызамлары-
нан өзгеше болып, олар патшамыз-
дың нызамларына бойсынбайды.
Оларды өз билдигинше қалдырыў
патшамыздың мәртебесине зыян
тийгизеди. [9] Егер патшамыз ма-
қул көрсе, оларды қырып таслаў
ушын пәрман шығарсын. Мен бул
исти орынлағанларға төлеў ушын
патша қазнасына он мың талант[a]
гүмис беремен.
[10] Сонда патша қолындағы мөр
жүзигин шешип, пәрманды тас-
тыйықлаў ушын, яҳудийлердиң
душпаны, Агаг әўладынан болған
Ҳаммедата улы Ҳаманға берди.
[11] Патша оған:

---

[a] **3:9** *Он мың талант* – бир талант шама менен 34 кг.

– Гүмис өзинде қалсын. Сол ха-
лыққа қәлегениңди исле, – деди.
12 Биринши айдың он үшинши кү-
ни патшаның хаткерлери шақырыл-
ды. Ҳаманның ҳәмме буйрықлары
патшаның найыпларына[a], барлық
ўәлаятлардың ҳәкимлерине, бар-
лық халықлардың беклерине, ҳәр
бир ўәлаятқа өз жазыўында ҳәм
ҳәр бир халыққа өз тилинде патша
Ахашўероштың атынан жазылып,
оның мөр жүзиги менен тастыйық-
ланды. 13 «Яҳудийлердиң ҳәммеси:
жасы ҳәм ғаррысы, ҳаял ҳәм бала-
шағасы он екинши айдың, адар айы-
ның он үшинши күни, бир күнде
өлтирилип, жоқ қылынсын, қырып
тасланып, мал-мүлки талан-тараж
қылынсын», – деген патшаның хаты
патшалықтың пүткил ўәлаятлары-
на шабарманлар арқалы жиберил-
ди. 14 Бул пәрманның көширмеси
ҳәр бир ўәлаятта нызам сыпатында
жәрияланып, барлық халықларға
билдирилиўи тийис болды. Себеби
ҳәмме белгиленген сол күнге таяр
болып турыўы керек еди.
15 Шабарманлар патшаның буй-
рығы менен асығыс жолға шықты.
Пәрман Суза қаласында да жә-
рияланды. Қала халқы албыра-
сып атырған ўақытта патша менен
Ҳаман отырып алып, шарап ишти.

### Мордохайдың Эстерден жәрдем сораўы

4 1 Мордохай болған ислердиң
ҳәммесинен хабар тапқанда ки-
йимлерин жыртып, аза кийимин
кийди ҳәм басына күл шашып, дад
салып бақырып жылаўы менен қа-
ла ортасына келди. 2 Ол барып, са-
рай дәрўазасының алдында турды,
өйткени аза кийиминдеги ҳеш бир
адамды сарайға киргизбейтуғын
еди. 3 Сондай-ақ патшаның буйрығы
ҳәм пәрманы жетип барған ҳәр бир
ўәлаятта яҳудийлер уллы қайғыға
батып, ораза тутты ҳәм дад салып
жыласты. Көпшилиги аза кийимин
кийип, күлдиң үстинде жатты.
4 Ханбийке Эстердиң кәнизекле-
ри ҳәм ақталары келип, Мордохай
туўралы хабар бергенде, Эстер қат-
ты тынышсызланды. Үстиндеги аза
кийимлерин шешип, мыналарды
кийип алсын деп, ол Мордохайға
кийимлер жиберди. Бирақ Мордо-
хай оларды қабыл етпеди.
5 Эстер өзине патша тәрепинен
хызметши етип тайынланған Ҳа-
тах деген ақтасын шақыртып алып,
оған Мордохайға не болғанын би-
лип келиўди буйырды. 6 Ҳатах
патша сарайының дәрўазасы ал-
дындағы ашық майданға, Мордо-
хайдың жанына кетти. 7 Мордохай
оған басына түскен ҳәмме нәрсени
ҳәм Ҳаманның яҳудийлерди қы-
рып таслаў ушын патша қазнасына
қанша гүмис бериўди ўәде еткенин
де айтып берди. 8 Кейин Мордохай
яҳудийлерди қырып таслаў ҳақ-
қында Сузада жәрияланған пәр-
манның бир көширмесин Ҳатахқа
берип: «Эстерге мынаны көрсетип,
оған ҳәммесин түсиндир. Эстер
патшаға барсын ҳәм оннан өз хал-
қына рехим етиўди жалбарынып
сорасын», – деп тапсырды.

---

a **3:12** *Найыплар* – Персия империясында жоқары лаўазымды ийелеген бас-
шылар. Олар бириккен бир неше ўәлаятларды басқаратуғын еди.

9 Ҳатах қайтып келип, Мордохай-
дың айтқанларын Эстерге жеткиз-
ди. 10 Эстер Ҳатахты Мордохайға
және жиберип, мына сөзлерди жет-
кизиўди буйырды: 11 «Сарайдың
ишки ҳәўлисине, патшаның алды-
на шақырылмастан кирген ҳәр бир
адамды, оның еркек ямаса ҳаял бо-
лыўына қарамастан, тек бир жаза,
яғный өлим жазасы күтеди. Бул
ҳаққында патшаның ҳәмме хыз-
метшилери де, оның қол астын-
дағы ўәлаятлардың халықлары да
биледи. Тек патша кимге өзиниң
алтын ҳасасын созса, сол адам ға-
на тири қалады. Мен де патшаның
алдына отыз күннен бери шақы-
рылған жоқпан».
12 Ҳатах Эстердиң бул сөзлерин
Мордохайға жеткизгенде, 13 Мор-
дохай Эстерге мына жуўапты қай-
тарды: «Сарайда жасағаным ушын
пүткил яҳудийлер ишинде жалғыз
өзим аман қаламан, деп ойлама.
14 Егер сен ҳәзир үндемей қалсаң,
яҳудийлерге жәрдем ҳәм қутқары-
лыў басқа жақтан келеди. Ал сен
ҳәм сениң әкеңниң үй-иши набыт
боласызлар. Ким биледи, бәлким,
усындай күнлер ушын сен ханбий-
ке болыў мәртебесине ерискен шы-
ғарсаң».
15 Эстер де Мордохайға мына жу-
ўапты қайтарды: 16 «Барып, Суза-
дағы барлық яҳудийлерди жыйнап,
мен ушын ораза тутыңлар. Үш күн
ҳәм үш түн ҳеш нәрсе ишип-же-
меңлер. Мен де өз кәнизеклерим
менен сизлер сыяқлы ораза тута-
ман, соңынан бул нызамға қарсы
болса да, патшаның алдына ба-
раман. Егер мениң өлиўим тийис
болса, өлемен».
17 Солай етип, Мордохай сол жер-
ден кетип, Эстердиң өзине буйыр-
ғанларының ҳәммесин орынлады.

## Эстердиң патшаға өз тилегин билдириўи

5 1 Үшинши күни Эстер патшалық
кийимлерин кийип, сарайдың
ишки ҳәўлисине, патшаның тахты
турған бөлмениң алдына келип турды.
Сол ўақытта патша ҳәўлиниң кирер
аўзына туўры қарап турған өз тах-
тында отырған еди. 2 Патша ҳәўлиде
турған ханбийке Эстерди көргенде,
оған мийрими түсти ҳәм қолындағы
алтын ҳасаны Эстерге қарай созды.
Эстер патшаға жақынлап келип, ал-
тын ҳасаның ушына қолын тийгизди.
3 Патша оған:
– Ханбийке Эстер, не қәлейсең?
Қандай тилегиң бар? Ҳәтте, пат-
шалықтың ярымын сорасаң да, бе-
риледи, – деди.
4 Эстер оған:
– Егер патшамыз мақул көрсе,
бүгин мениң ол ушын таярлаған
зыяпатыма Ҳаман менен бирге кел-
син, – деди.
5 Патша:
– Эстердиң өтинишин орынлаў
ушын тез барып, Ҳаманды таўып
келиңлер, – деп буйырды.
Солай етип, патша ҳәм Ҳаман
Эстер таярлаған зыяпатқа келди.
6 Патша шарап ишип отырып Эс-
терге және:
– Айт, қандай тилегиң бар? Тиле-
гиң орынланады. Қандай өтини-
шиң бар? Патшалықтың ярымын
сорасаң да бериледи, – деди.
7 Эстер жуўап берип:
– Мениң тилегим ҳәм өтинишим
мынадай: 8 егер патшамыздың

маған кеўли толған болса, патша-
мыз мениң тилегимди орынлап,
өтинишимди қанаатландырыў-
ды мақул көрсе, ертең мениң олар
ушын таярлайтуғын зыяпатыма
Ҳаман менен бирге келсин. Сон-
да патшамыздың сораўына жуўап
беремен, – деди.

### Ҳаманның Мордохайға ашыўланыўы

9 Сол күни Ҳаман зыяпаттан кеў-
ли көтерилип, шад болып қайтты.
Бирақ ол патша сарайында Мор-
дохайды көргенде, Мордохай ор-
нынан да турмады, оған ҳүрмет те
көрсетпеди. Сонда Ҳаман ашыўдан
түтеп кетти. 10 Деген менен, ол өзин
тутып, үйине кетти.

Ол үйине келип, досларын ҳәм ҳа-
ялы Зерешти шақыртты. 11 Оларға
өзиниң шексиз байлығы, уллары-
ның көплиги, патшаның өзин қан-
шелли ҳүрмет ететуғынлығы ҳәм
барлық ўәзирлер менен хызметши-
лерден үстин қойғаны ҳаққында
айтып берди. 12 Кейин Ҳаман сө-
зин даўам етип:

– Ханбийке Эстер зыяпат таярлап,
патша менен тек мени ғана мирәт
етти. Ертең де мен патша менен
бирге шақырылғанман. 13 Бирақ
сарайда яҳудий Мордохайды көр-
генимде, булардың ҳәммеси мен
ушын шыбын шелли көринбей-
ди, – деди.

14 Сонда ҳаялы Зереш ҳәм бар-
лық дослары Ҳаманға былай деди:

– Бийиклиги елиў шығанақ бол-
ған дар қурдыр. Азанда патшадан
Мордохайды сол дарға асыўды со-
ран. Соңынан шад болып, патша
менен зыяпатқа бар.

Бул кеңес Ҳаманға унады ҳәм ол
дар қурдырып қойды.

### Мордохайға ҳүрмет көрсетилиўи

6 1 Сол түни патша Ахашўерош-
тың уйқысы қашты. Ол жыл-
нама китабын әкелиўди буйырды
ҳәм китап патшаға оқып берилди.
2 Оннан дәрўаза сақшылары болған
Бигтан ҳәм Тереш деген еки ақтаның
патша Ахашўерошты өлтириўди ре-
желестиргени, буны Мордохайдың
билип қалғаны ҳәм хабарлағаны
туўралы жазылған сөзлер табылды.

3 Патша:

– Бул иси ушын Мордохайға қан-
дай ҳүрмет-иззет көрсетилди? –
деп сорады.

Патшаның арнаўлы хызметши-
лери:

– Оған ҳеш нәрсе де исленбеди, –
деп жуўап берди.

4 Сонда патша:

– Ҳәўлиде ким бар? – деп сорады.
Таярлатып қойған дарына Мордо-
хайды астырыўды патшадан со-
раў ушын, Ҳаман тап сол ўақытта
сарайдың сыртқы ҳәўлисине кел-
ген еди.

5 Хызметшилери патшаға:

– Ҳәўлиде Ҳаман күтип турып-
ты, – деп жуўап берди.

– Ишке кирсин, – деди патша.

6 Ҳаман ишке киргенде, патша
оннан:

– Патша ҳүрмет көрсеткиси кел-
ген адамына не ислеўи керек? – деп
сорады.

Ҳаман ишинен: «Патша меннен
басқа кимге ҳүрмет көрсетиўди
қәлер еди», – деп ойлап, 7 патшаға
былай деди:

– Патша ҳүрмет көрсеткиси келген
адамға 8 патша кийген патшалық
кийим менен патша минген ат әке-
линсин ҳәм аттың басына патшалық
таж кийдирилсин. 9 Кийим де, ат та
патшаның ең абырайлы ўәзирлери-
ниң бирине берилсин. Ол адам пат-
ша ҳүрмет көрсеткиси келген адамға
сол кийимлерди кийгизип, сол атқа
миндирип, оны қала майданы бой-
лап айландырсын. Оның алдында
жүрип: «Мине, патша кимге ҳүр-
мет көрсеткиси келсе, оған усылай
ислейди», – деп жар салсын, – деди.
10 Сонда патша Ҳаманға:
– Тез бар да, кийимлер менен ат-
ты алып кел ҳәм сарай хызметши-
си яҳудий Мордохайға өзиңниң
айтқанларыңды исле. Айтқанла-
рыңның биреўи де қалып қойма-
сын, – деди.
11 Солай етип, Ҳаман кийимлерди
ҳәм атты алып келди. Кейин Мор-
дохайды кийиндирип, оны атқа
миндирди де, қала майданы бой-
лап алып жүрди ҳәм оның алдын-
да: «Мине, патша кимге ҳүрмет
көрсеткиси келсе, оған усылай ис-
лейди», – деп жар салды.
12 Соңынан Мордохай сарайға
қайтып келди. Ҳаман болса, шер-
мендеliктен жүзин жаўып, асы-
ғыс үйине қайтты. 13 Ҳаман ҳаялы
Зерешке ҳәм ҳәмме досларына жүз
берген барлық ўақыялар туўралы
айтып берди. Сонда ҳаялы Зереш
ҳәм кеңесшилери оған:
– Сениң мәртебең Мордохай ал-
дында төмен түсе баслаған екен,
егер ол яҳудий болса, онда сен оны
жеңе алмайсаң, керисинше, оның
алдында жығылатуғының гүман-
сыз, – деди.
14 Олар еле сөйлесип отырғанда,
патшаның ақталары келип, Ҳа-
манды Эстер таярлаған зыяпатқа
асығыс алып кетти.

### Ҳаманның өлимге ҳүким етилиўи

7 1 Солай етип, патша Ҳаман ме-
нен бирге ханбийке Эстердиң
зыяпатына келди. 2 Екинши зыяпат
күни де олар шарап ишип отырған-
да, патша Эстерге және:
– Эстер, қандай тилегиң бар? Ти-
легиң орынланады. Қандай өтини-
шиң бар? Патшалықтың ярымын
сорасаң да бериледи, – деди.
3 Сонда ханбийке Эстер жуўап
берип былай деди:
– Тақсырым! Егер маған кеўлиңиз
толған болса ҳәм дурыс деп тапса-
ңыз, мениң жанымды сақлап қа-
лыўыңызды тилеймен ҳәм мениң
халқыма да өмир бағышлаўыңыз-
ды өтинемен. 4 Себеби мен ҳәм ме-
ниң халқым өлтирилип жоқ етилиў
ҳәм қырып тасланыў ушын сатыл-
ғанбыз. Егер бизлер қул ҳәм шоры
етип сатылғанымызда, мен үнде-
меген болар едим. Өйткени бул ис
себепли патшамыздың тынышын
алыў мақул болмас еди, – деди.
5 Сонда патша Ахашўерош хан-
бийке Эстерден:
– Бундай исти ислеўге кимниң
батылы барды, сол адам қай жер-
де? – деп сорады.
6 Эстер:
– Душпанымыз ҳәм жаўымыз –
бул жаўыз Ҳаман, – деди.
Сонда патшаның ҳәм оның ҳая-
лының алдында Ҳаманның ҳүре-
йи ушып, қорқып кетти. 7 Патша
ғәзепленип, орнынан турды да,

сарай бағына қарай кетти. Ал Ҳа-
ман ханбийке Эстерден өз жанын
қутқарыўын өтинип сораў ушын
иште қалды. Өйткени ол патша-
ның өзин қатаң жазалаўды қарар
еткенин түсинген еди.
8 Патша сарай бағынан зыяпат
болып атырған жерге қайтқанда,
Эстер жамбаслап отырған орын-
лықта Ҳаманның ет бетинен жы-
ғылып атырғанын көрди де:
– Бул адам сарайда, ҳәттеки, ме-
ниң көз алдымда ҳаялыма зорлық
қылмақшы ма? – деп бақырды.
Патша усы сөзлерди айтып болар-
болмастан, патшаның хызметши-
лери Ҳаманның бетин жапты.
9 Соңынан патшаға хызмет ете-
туғын ақталардың бири Харбона
былай деди:
– Ҳаманның үйиниң алдында би-
йиклиги елиў шығанақ келетуғын
дар турыпты. Бул дар патшамыз-
ды ескертип, оның өмирин сақлап
қалған Мордохайды асыў ушын қу-
рылған, – деди.
Сонда патша:
– Сол дарға оның өзин асыңлар! –
деп буйрық берди. 10 Солай етип,
Ҳаманның Мордохайды асыў ушын
қурдырған дарына оның өзин ас-
ты. Соннан кейин ғана патшаның
ашыўы басылды.

### Патшаның яҳудийлерди қорғаўы

**8** 1 Сол күни патша Ахашўерош
яҳудийлердиң душпаны болған
Ҳаманның мал-мүлкин ханбийке
Эстерге берди. Мордохай патшаның
алдына кирди, себеби Эстер Мор-
дохайдың өзине ким болатуғынын
айтқан еди. 2 Сонда патша Ҳаман-
нан қайтарып алған мөр жүзигин
бармағынан шешип алып, Мордо-
хайға берди. Эстер де Мордохайды
Ҳаманның мал-мүлки үстинен бас-
қарыўшы етип тайынлады.
3 Эстер және патша менен сөй-
лести. Ол жылап, патшаның аяғы-
на жығылды ҳәм Агаг әўладынан
болған Ҳаманның яҳудийлерге
қарсы режелестирген жаўыз нийе-
тин бийкар етиўди сорап жалынды.
4 Патша алтын ҳасасын Эстерге қа-
рап созғанда, ол орнынан түргелип,
патшаның алдында турды.
5 Ол патшаға:
– Егер патшамыздың маған кеўли
толған болса ҳәм мақул көрсе, егер
патшамыз тилегимди туўры деп
билсе ҳәм мен оған унасам, Агаг
әўладынан болған Ҳаммедата улы
Ҳаманның патшалықтың барлық
ўәлаятларындағы яҳудийлерди
қырып таслаўды буйырып, қара
нийет пенен жаздырған хатларын
бийкарлап, хатлар жазылсын. 6 Се-
беби мен халқымның басына апат-
шылық түсиўине қалай қарап тура
аламан? Туўған-туўысқанларым-
ның қырып тасланыўына қалай
қарап тура аламан? – деди.
7 Патша Ахашўерош ҳаялы Эс-
терге ҳәм яҳудий Мордохайға бы-
лай деди:
– Минекей, Ҳаманның мал-мүл-
кин Эстерге бердим. Ал Ҳаман-
ды яҳудийлерди қырып таслаўды
режелестиргени ушын дарға ас-
тырдым. 8 Бирақ патшаның аты-
нан жазылып, оның жүзиги менен
мөрленген хатты ҳеш ким өзгерте
алмайды. Сонлықтан енди өзле-
риңиз яҳудийлер ушын нени ма-
қул көрсеңиз, патшаның атынан

соны жазып, патшаның жүзиги ме-
нен мөрлеңлер.
[9] Сонда үшинши ай болған сиўан
айының жигирма үшинши күнинде
патшаның хаткерлери шақырыл-
ды. Мордохайдың буйырған ҳәр
бир нәрсеси Ҳиндистаннан баслап
Хабашстанға шекемги бир жүз жи-
гирма жети ўәлаятта жасайтуғын
яҳудийлерге, найыпларға, ҳәким-
лерге ҳәм ўәлаят басшыларына: ҳәр
бир ўәлаятқа өз жазыўында ҳәм ҳәр
бир халыққа өз тилинде, яҳудий-
лерге де өз жазыўы менен өз ти-
линде жазылды. [10] Мордохай патша
Ахашўероштың атынан жаздырған
хатларын патшаның жүзиги менен
мөрледи ҳәм патшаның хызметинде
қолланыў ушын бағылып атырған
шапқыр атларға шабарманларды
мингизди де, оларға хатларды бе-
рип, жолға атландырды.
[11] Патшаның пәрманында бар-
лық қалалардағы яҳудийлерге бир
жерге жыйналып, өзлерин қорғаўға
ҳуқық берилген еди. Және де, өз-
лерине ҳүжим қылатуғын барлық
душпан халықлардың ямаса ўәла-
яттың қуралллы күшлерин, балала-
рын ҳәм ҳаялларын өлтирип жоқ
қылыўға, қырып таслаўға, мал-
мүлкин талан-тараж қылыўға рух-
сат берилген еди. [12] Бул ис патша
Ахашўероштың ҳәмме ўәлаятла-
рында белгиленген күни, он екин-
ши айдың, яғный адар айының
он үшинши күни иследиўи керек
еди. [13] Усы пәрманның көширмеси
ҳәмме ўәлаятларға нызам ретинде
жәрияланып, барлық халықларға
билдирилди. Солай етип, яҳудий-
лер сол күни душпанларынан өш
алыў ушын таяр турыўы тийис еди.
[14] Шабарманлар патшаның шап-
қыр атларына минип, оның буйры-
ғы менен асығыс жолға атланды.
Бул пәрман Суза қаласында да жә-
рияланды.
[15] Мордохай үстине қызғыш көк
ҳәм ақ реңдеги патшалық кийим-
лерди, басына үлкен алтын таж
кийип, сыртынан шым қызыл
ҳасыл зығыр шапан жамылып,
патшаның алдынан шықты. Су-
за қаласы қуўаныш ҳәм шадлық-
қа бөленди. [16] Яҳудийлер ушын
жақты, қуўанышлы, шадлы ҳәм
ҳүрметке толы күнлер келген
еди. [17] Патшаның буйрығы ҳәм
пәрманы жетип барған ҳәр бир
ўәлаят ҳәм қалада яҳудийлер
қуўанышқа толып, шадланды.
Олар зыяпатлар уйымластырды
ҳәм байрамлады. Патшалықтағы
халықлардан көплеген адамлар
яҳудий болды. Себеби оларды
яҳудийлерден қорқыў туйғысы
бийлеп алған еди.

### Яҳудийлердиң жеңиси

**9** [1] Патшаның буйрығы ҳәм
пәрманы орынланатуғын он
екинши ай болған адар айының
он үшинши күни де келди. Яҳу-
дийлердиң душпанлары бул күни
яҳудийлер үстинен ҳүкимдарлықты
орнатыўды үмит пенен күткен еди.
Бирақ керисинше болып шықты.
Яҳудийлер өзлерин жек көрген-
лерден үстем келди. [2] Олар өзле-
рине жәбир етпекши болғанларға
қарсы ҳүжим жасаў ушын, пат-
ша Ахашўероштың қолы астында-
ғы барлық ўәлаятлардағы өзлери
жасайтуғын қалаларда бир жерге
жыйналды. Ҳеш ким яҳудийлерге

қарсы шыға алмады, себеби бар-
лық халықларды олардан қорқыў
туйғысы бийлеп алған еди. 3 Ўәлаят
басшылары, найыплар, ҳәкимлер
ҳәм патша ислерин жүргизиўши-
лер Мордохайдан қорққанлықтан,
яҳудийлерди қоллап қуўатлады.
4 Өйткени Мордохай сарайда уллы
адам болды. Оның даңқы барлық
ўәлаятларға тарады ҳәм күши күн-
нен-күнге артып барды.

5 Яҳудийлер душпанларының
ҳәммесин қылыштан өткерди, өл-
тирди ҳәм жоқ қылды. Олар өз-
лерин жек көргенлерге қәлеген
нәрсесин иследи. 6 Яҳудийлер Су-
за қаласында бес жүз адамды өл-
тирип, жоқ қылды. 7 Және де, олар
Паршандата, Далфон, Аспата, 8 По-
рата, Адаля, Аридата, 9 Пармашта,
Арисай, Аридай ҳәм Ўайзатаны өл-
тирди. 10 Бул өлтирилгенлер яҳу-
дийлердиң душпаны Ҳаммедата
улы Ҳаманның он улы еди. Бирақ
яҳудийлер олардың мал-мүлкине
қол тийгизбеди.

11 Сол күни-ақ Суза қаласында
өлтирилгенлердиң саны патшаға
билдирилди. 12 Патша ханбийке
Эстерге:

– Яҳудийлер Суза қаласында бес
жүз адамды ҳәм Ҳаманның он улын
өлтирип, жоқ қылыпты. Ким би-
леди, басқа ўәлаятларда олар не
иследи екен? Не тилейсең? Ол қа-
наатландырылады. Және не сорай-
саң? Ол орынланады, – деди.

13 Сонда Эстер:

– Егер патшамыз мақул көрсе, Су-
задағы яҳудийлер бүгинги пәрма-
ныңызды ертең де орынласын. Ал
Ҳаманның он улының денелери
дарға асылсын, – деди.

14 Патша бул өтиништи орынлаў-
ды буйырды ҳәм пәрман Сузада жә-
рияланып, Ҳаманның он улының
денеси дарға асылды. 15 Сузадағы
яҳудийлер адар айының он төртин-
ши күни де бир жерге жыйналып,
қалада үш жүз адамды өлтирди.
Бирақ олардың мал-мүлкине қол
тийгизбеди.

16 Патшалықтың ўәлаятларын-
да жасайтуғын басқа яҳудийлер
де жан сақлаў ҳәм душпанларынан
қорғаныў ушын бир жерге жый-
налды. Олар өзлерин жек көрген-
лерден жетпис бес мың адамды
өлтирди, бирақ олардың мал-мүл-
кине қол тийгизбеди. 17 Бул ўақыя
адар айының он үшинши күни жүз
берген еди. Ал айдың он төртин-
ши күни олар тынышланып, бул
күнди зыяпат ҳәм қуўаныш күни
деп белгиледи.

18 Сузадағы яҳудийлер болса, сол
айдың он үшинши ҳәм он төртин-
ши күнлери бир жерге жыйналды,
ал он бесинши күни тынышланды.
Сол күнди зыяпат ҳәм қуўаныш
күни деп белгиледи. 19 Сонлықтан
аўыл-аймақларда жасайтуғын яҳу-
дийлер адар айының он төртинши
күнин зыяпат ҳәм қуўаныш күни
ретинде белгилейди ҳәм бир-би-
рине тағамлар береди.

## Пурим байрамы

20 Мордохай бул ўақыяларды
жазып қойды. Соңынан ол патша
Ахашўероштың қолы астындағы
узақ ҳәм жақын жердеги ўәлаят-
ларда жасайтуғын яҳудийлерге
хатлар жиберди. 21 Хатта ҳәр жы-
лы адар айының он төртинши ҳәм
он бесинши күнлерин байрамлаў

буйырылған еди. 22 Себеби бул күн-
лер яҳудийлердиң өз душпанла-
рынан қутылған күнлери болып,
қайғысы қуўанышқа, азасы бай-
рамға айланған айы еди. Мордохай
сол күнлерди зыяпат ҳәм қуўаныш
күнлери деп белгилеп, бир-бирине
тағамлар үлестириўди ҳәм кәмба-
ғалларға садақалар бериўди бу-
йырды.

23 Солай етип, яҳудийлер Мордо-
хайдың буйрығын қабыл етти ҳәм
ҳәр жылы сол күнлерди байрам-
лаўды әдетке айландырды.

24 Пүткил яҳудийлердиң душпа-
ны Агаг әўладынан болған Ҳам-
медата улы Ҳаман яҳудийлерди
қырып таслаўды нийет етип, олар-
ды езип жоқ қылыў ушын пур, яғ-
ный шек таслаған еди. 25 Бирақ бул
хабар патшаға жеткенде, патша хат
арқалы: «Ҳаманның яҳудийлер-
ге қарсы ойлаған жаўыз нийети
өзиниң басына жетсин. Ҳаман ҳәм
оның уллары дарға асылсын», – деп
буйрық берген еди. 26 Пур сөзи се-
бепли, бул күнлерге Пурим[a] деп ат
берилген еди.

Солай етип, яҳудийлер Мордо-
хайдың бул хатында жазылған-
ларды, көрген-билгенлерин ҳәм
басларынан кеширгенлерин есле-
ринде сақлаў ушын, 27 яҳудийлер,
олардың әўладлары ҳәм оларға
қосылғанлардың ҳәммеси хат-
та жазылғанындай, белгиленген
ўақытта бул еки күнди ҳәр жы-
лы сөзсиз байрамлаўға қарар ет-
ти. 28 Солай етип, бул күнлер ҳәр
бир ўәлаятта, ҳәр бир қалада ҳәм
ҳәр бир тийреде әўладтан-әўладқа
еске алынады ҳәм байрамланады.
Усы Пурим күнлерин яҳудийлер
тәрепинен байрамлаў ҳеш қашан
тоқтатылмайды ҳәм бул күнлер әў-
ладлар бойы есте сақланады.

29 Абихайыл қызы ханбийке Эс-
тер ҳәм яҳудий Мордохай Пурим-
ге байланыслы бул екинши хатты
толық бийлик пенен жазып тас-
тыйықлады. 30 Мордохай Ахаш-
ўероштың қол астындағы бир жүз
жигирма жети ўәлаятта жасайту-
ғын ҳәмме яҳудийлерге тынышлық
ҳәм аманлық тилеклерине толы
хатларды жиберди. 31 Хатта яҳудий
Мордохай ханбийке Эстер менен
бирликте алдын ала қарар етке-
ниндей, яҳудийлерге усы Пурим
күнлерин белгиленген ўақытта ны-
шанлаўды қатаң сақлаўды буйырды.
Бурын яҳудийлердиң өзлери ҳәм
урпақлары ораза тутыў ҳәм азалаў
бойынша белгиленген қағыйдалар-
ға бойсынғаны сыяқлы, бул бай-
рамға да бойсыныўы белгиленген
еди. 32 Солай етип, Эстердиң буй-
рығы бойынша Пуримге тийисли
усы қағыйдалар тастыйықланып,
китапқа жазып қойылды.

### Ахашўерош пенен Мордохайдың уллылығы

**10** 1 Патша Ахашўерош өз
патшалығындағы шетки
атаўларға дейин пүткил халықтан
салық жыйнайтуғын еди. 2 Оның
барлық қудиретли ислери ҳәм қа-
ҳарманлықлары, ол мәртебели
қылған Мордохайдың уллылығы

---

a **9:26** *Пурим* – бул байрам ҳәр жылы адар айының 14 ҳәм 15-сәнелеринде ны-
шанланады. Бул күнлер шама менен март айының басына туўры келеди.

ҳаққында Персия ҳәм Мидия пат-
шаларының жылнама китабында
жазылған.
3 Яҳудий Мордохай бийлиги бо-
йынша патша Ахашўероштан ке-
йинги екинши адам болды. Ол
яҳудийлер арасында ҳүрметке ерис-
ти ҳәм көп урпақласлары оны жақ-
сы көрди. Себеби ол өз халқының
ийгилигин ойлады ҳәм пүткил ур-
пақласларының тынышлығы ушын
гүрести.

# Аюп китабы

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Аюп китабында сөз етилген ўақыялар қайсы дәўирде жүз бергени белгисиз. Бул китаптың тийкарында барлық заманлар ушын тийисли болған мынадай сораў жатады: Не ушын Қудай ҳақ адамлардың азап шегиўине жол қояды?

Аюп жүдә бай адам болып, шын жүректен Қудайға сыйынады. Ол тек жақсы инсан ғана емес, ал Қудайға садық, ҳақ адам болады. Бирақ шайтан Аюпты Қудайға жаманлап, Аюп Қудайдан алып атырған берекети себепли Оған хызмет етип атыр, деп айтады. Соннан кейин, Қудай шайтанға Аюпты сынап көриўине рухсат береди. Ол шайтанға Аюпты байлығынан, перзентлеринен ҳәм денсаўлығынан айырыўға рухсат береди. Сонда да Аюп Қудайға садық қалады.

Аюптың басына аўыр күн түскенде, үш досты оны жубатыўға келеди. Олар денсаўлық ҳәм абаданшылық – Қудайдың жарылқаўының белгиси, деп исенеди. Аюп денсаўлығынан да, абадан өмиринен де айырылғаны ушын, олар Аюпқа, Қудай сени қандай да бир гүнаң ушын жазалап атыр, деп айтады. Аюп болса өзиниң айыпсызлығын айтып, досларының сөзлерин орынсыз деп биледи. Аюп дослары менен көп тартысады, деген менен, еки тәреп те бир-бириниң сөзлериниң надурыс екенин тастыйықлай алмайды. Ақыры олар тартысыўды тоқтатады. Тартысыў даўамында қатты азап шегип атырған Аюп бир неше рет Қудайға жалбарынып, өзиниң не ушын қыйналып атырғанын түсиндириўди талап қылады. Бирақ Қудай оның бул сораўына жуўап бермейди. Керисинше, Аюпқа көринип, Өзиниң уллы ислери ҳаққында айтады.

Китаптың ақырында Аюптың абаданшылығы, және перзентлер көретуғыны ҳәм алдынғыдан еки есе көп байлық арттырғаны ҳаққында сөз етиледи. Нәтийжеде Аюп басынан кеширген азап-ақыретлер арқалы Қудайдың пүткил барлықтың үстинен жалғыз ҳүкимдар екенин билип алады, ҳәр қандай шараятта да тек Қудайға сыйыныў кереклигин тән алады.

Бул китап бизлерге өмиримиздиң ең аўыр демлеринде де жалғыз Қудайға үмит байлаўды ҳәм тек ғана Оған сүйенип жасаўды үйретеди.

## Аюп ҳәм оның шаңарағы

**1** 1 Ус үлкесинде Аюп атлы бир
адам жасайтуғын еди. Ол минсиз
ҳәм әдил болып, Қудайдан қорқату-
ғын, жаманлықтан аўлақ жүретуғын
адам еди. 2 Аюптың жети улы ҳәм үш
қызы бар еди. 3 Ол жети мың қой,
үш мың түйе, бес жүз жуп өгиз, бес
жүз урғашы ешек, сондай-ақ, жү-
дә көп хызметшилерге ийе болып,
шығыс халықлары арасында ең бай
адам еди.
4 Аюптың уллары үйлеринде ге-
зек пенен зыяпат берип, өзлери
менен ишип-жеў ушын, үш апа-
сиңлисин де мирәт ететуғын еди.
5 Зыяпат тамам болғаннан кейин,
Аюп балаларын шақыртып алып,
пәклениў рәсиминен өткерету-
ғын еди. Ол улларым ишлеринен
Қудайға тил тийгизип, гүна ислеп
қойған болыўы мүмкин, деп ойлап,
азан менен олардың ҳәр бири ушын
жандырылатуғын қурбанлық бере-
туғын еди. Аюп бәрқулла усылай
ислейтуғын еди.

## Аюптың дәслепки сыналыўы

6 Бир күни иләҳий барлықлар
Жаратқан Ийениң алдына келген-
де, олар менен бирге шайтан да
келген еди. 7 Жаратқан Ийе шай-
таннан:
– Сен қай жерден киятырсаң? –
деп сорады.
Шайтан Жаратқан Ийеге:
– Мен жер бетин гезип, оның ҳәм-
ме жерин айланып шықтым, – деп
жуўап берди.
8 Жаратқан Ийе шайтанға:
– Қулым Аюпқа сер салдың ба?
Жер бетинде ол сыяқлы минсиз,
әдил, Меннен қорқатуғын ҳәм жа-
манлықтан аўлақ жүретуғын адам
жоқ, – деди.
9 Сонда шайтан Жаратқан Ийеге
былай деп жуўап берди:
– Аюп Сеннен бийкардан-бий-
карға қорқады деп ойлайсаң ба?
10 Оның өзин, үй-ишин ҳәм барлық
ийелигин қорғап жүрген Өзиң емес-
сең бе? Сен оның қолы тийген ҳәр
бир иске берекет берип атырсаң.
Оның пада ҳәм сүриўлери пүткил
үлкеге жайылған. 11 Бирақ қолың-
ды созып, оған тийисли болғанның
ҳәммесин жоқ қылсаң, онда ол жү-
зиңе тик қарап, Саған нәлет айтады.
12 Жаратқан Ийе шайтанға:
– Яқшы, Аюпқа тийисли болған-
ның ҳәммесин сениң қолыңа бе-
ремен, бирақ оның өзине зыян
тийгизбе, – деди.
Солай етип, шайтан Жаратқан
Ийениң дәргайынан кетти.
13 Бир күни Аюптың уллары ме-
нен қызлары үлкен әжағасының
үйинде зыяпат берип, шарап ишип
отырған еди. 14 Сонда бир хабар-
шы жуўырыўы менен Аюпқа ке-
лип, былай деди:
– Өгизлериңиз жер айдап, ешеклер
олардың қасында отлап жүрген еди.
15 Бирден шебалы басқыншылар
ҳүжим жасап, хызметшилериңиз-
диң ҳәммесин қылыштан өткерди
ҳәм малларды айдап алып кетти.
Бул хабарды сизге жеткизиў ушын,
жалғыз мен ғана қашып қутылдым.
16 Ол сөзин тамамлап үлгермей-
ақ, басқа бир хабаршы келип, бы-
лай деди:
– Аспаннан Қудайдың жалыны
түсип, қойларыңыз бенен шопан-
ларыңыз жанып, күлге айланды.

Бул хабарды сизге жеткизиў ушын,
жалғыз мен ғана аман қалдым.
17 Сол адам сөзин тамамлап үл-
гермей-ақ, үшинши хабаршы же-
тип келип былай деди:
– Калдейлер үш топар болып ке-
лип, түйелердиң падасына таслан-
ды. Олар барлық падашыларды
өлтирип, түйелерди айдап кет-
ти. Бул хабарды сизге жеткизиў
ушын, жалғыз мен ғана қашып
қутылдым.
18 Ол усы сөзлерди айтып тур-
ғанда, басқа бир хабаршы келип,
былай деди:
– Сизиң ул-қызларыңыз үлкен
әжағасының үйинде аўқатланып,
шарап ишип отырған еди. 19 Бир-
ден шөл тәрептен күшли даўыл
көтерилип, жайды төрт тәрепи-
нен соққылай баслады. Үй қулап,
оның ишиндегилердиң ҳәмме-
си өлди. Бул хабарды жеткизиў
ушын, жалғыз мен ғана аман қал-
дым.
20 Сонда Аюп орнынан турды да,
қайғыдан шапанын жыртты ҳәм
шашын алдырып таслады. Кейин
ет бетинен жерге жығылып, сы-
йынды. 21 Ол былай деди:

– Анамның қурсағынан
жалаңаш шыққан едим,
Бул дүньядан да жалаңаш
қайтаман.
Жаратқан Ийе берди,
Жаратқан Ийе алды,
Жаратқан Ийениң атына
алғыслар болсын!

22 Сонша ис болып өтсе де, олар-
дың ҳеш биринде Аюп гүна исле-
меди, Қудайды да айыпламады.

## Аюптың екинши рет сыналыўы

2 1 Басқа бир күни иләҳий бар-
лықлар Қудайдың алдына және
келгенде, Оның дәргайында турыў
ушын, шайтан да олар менен бирге
келген еди. 2 Сонда Жаратқан Ийе
шайтаннан:
– Сен қай жерден киятырсаң? –
деп сорады. Шайтан Жаратқан
Ийеге:
– Мен жер бетин гезип, оның ҳәм-
ме жерин айланып шықтым, – деп
жуўап берди.
3 Жаратқан Ийе шайтанға:
– Қулым Аюпқа сер салдың ба?
Жер бетинде ол сыяқлы минсиз,
әдил, Меннен қорқатуғын ҳәм жа-
манлықтан аўлақ жүретуғын адам
жоқ. Қара, ол еле минсизлигинде
беккем турыпты. Ал сен болсаң,
айыпсыздан айыпсыз оны жоқ қы-
лыў ушын Мени ийтермеледиң, –
деди.
4 Сонда шайтан:
– Етке ет дегениндей, адам өз жа-
ны ушын қолындағысының бәрин
береди. 5 Қолыңды созып, ет пенен
сүйегине зыян тийгизип көр, сон-
да Аюп жүзиңе тик қарап, нәлет
айтады, – деди.
6 Жаратқан Ийе шайтанға:
– Яқшы, оны сениң қолыңа бере-
мен, тек оның жанын алма, – деди.
7 Солай етип, шайтан Жаратқан
Ийениң дәргайынан шығып кетти
ҳәм Аюпты басынан аяғының ушы-
на дейин аўыртатуғын жара менен
қаплап таслады. 8 Сонда Аюп күл-
диң ортасында отырып, гүзениң
сынығы менен жараларын қасып
отырған еди.

[9] Ҳаялы оған келип:
– Сен еле минсиз болыўға тырысып атырсаң ба? Оннан да Қудайды нәлетлеп, кейин өлип қала ғойсеш, – деди.
[10] Аюп оған:
– Сен ақылсыз ҳаяллар сыяқлы сөйлеп турсаң. Сонда не, бизлер Қудайдан тек жақсылықты қабыл етип, жаманлықты қабыл етпеўимиз керек пе? – деп жуўап берди.
Соншама азап шексе де, Аюптың аўзынан гүна болғандай сөз шықпады.

## Аюптың үш достысы

[11] Аюптың үш достысы: теманлы
Элифаз, шуўахлы Билдад ҳәм наа-
малы Софар Аюптың басына түс-
кен бахытсызлықлары ҳаққында
еситкенде, жасап турған жерлери-
нен шықты ҳәм бир жерде ушыра-
сып, жолға атланды. Олар Аюптың
қайғысын бөлисип, оған тәселле
бериў ушын оның жанына кел-
ди. [12] Дослары Аюпты узақтан кө-
рип, оны зорға таныды. Сонда олар
зар еңиреп жылады, кийимлерин
жыртып, аспанға қарай топырақ
шашып, оны басларына да септи.
[13] Дослары жети күн, жети түн Аюп
пенен бирге қара жерде отырды.
Ҳеш бири оған бир аўыз сөз сөй-
лемеди, олар Аюптың соншелли
қатты қыйналып атырғанын кө-
рип турған еди.

## Аюптың тилге кириўи

**3** [1] Ақыры Аюп тилге кирип, өзи-
ниң дүньяға келген күнин нә-
летледи. [2] Ол былай деди:

[3] – Жоқ болсын мен туўылған күн,
«Бойына бала питти» деген түн!
[4] Сол күн түнекке айланып
қалсын!
Аспандағы Қудай да ол күнди
еслемесин,
Жарық та сол күнге сәўле
шашпасын.
[5] Сол күнди тас түнек
қараңғылық ийелеп алсын,
Жүзин қара бултлар қаплап
алсын,
Қараңғылық сол күнниң
ҳүрейин ушырсын.
[6] Аўа, сол түнди тас түнек
қараңғылық жутып
жиберсин,
Ол жыл күнлери арасында
саналмасын,
Айлардың биреўине де
кирмесин.
[7] Сол түн қысыр болсын,
Онда ҳеш бир шадлық ҳаўазы
еситилмесин.
[8] Күнлерди нәлетлейтуғынлар,
Лиўятанды[a] оята алатуғынлар,
Сол түнди ғарғасын.
[9] Оның таң жулдызлары сөнип
қалсын.
Жарықлықты күтсин, бирақ ол
келмесин,
Таң шуғласын көрмесин.
[10] Өйткени усы азапты көзлерим
көрмеўи ушын,
Сол түн анамның қурсағын
жаппады.

[11] Не ушын туўылып атырып,
өлмедим екен?
Ямаса туўыла сала, демим
таўысылмады екен?

---

[a] **3:8** *Лиўятан* – теңизде жасайтуғын үлкен мақлуқ.

12 Мени неге дизесине алып
отырды?
Неге мени емизди екен?
13 Солар болмағанда, ҳәзир
тыныш жатқан болар едим,
Уйықлап тыным тапқан болар
едим.
14 Қарабақаналарды өзлерине
қайта тиклеп алған,
Дүнья патшалары ҳәм
кеңесгөйлери менен бирге
болар едим.
15 Ямаса үйлерин гүмиске
толтырған,
Алтынға бай ҳүкимдарлар
менен бирге болар едим.
16 Ямаса не ушын өли туўылған
бөпе сыяқлы,
Күн нурын көрмеген нәресте
сыяқлы көмилмедим?
17 Ол дүньяда залымлар
жаманлық қылыўды
тоқтатады,
Ҳарыққанлар да тыным табады.
18 Ол жерде тутқынлар да
тынышлықтан рәҳәт алады,
Қадағалаўшылардың
бақырысларын еситпейди.
19 Уллы да, киши де бардур ол
жерде,
Қул болса, хожайынынан азат.

20 Не ушын азап шегип жүргенге
нур,
Ал қайғыға батқанға өмир
бериледи екен?
21 Олар өлимин күтеди, бирақ ол
келмес,
Әжелин көмилген ғәзийнеден
де бетер излер.
22 Егер әжелин тапса,
Олар қуўанышқа бөленип,
шадланар еди.
23 Жолын көре алмайтуғын адамға,
Қудай айнала дөгерегин
қараңғылық пенен
қоршаған адамға,
Не ушын өмир берилер екен?
24 Нан жеўдиң орнына гүрсинемен,
Аҳыў-налам суў киби ақпақта.
25 Неден қорққан болсам, сол жүз
берди,
Неден қәўетерленген болсам,
сол басыма түсти.
26 Маған тынышлық та, тыным да,
рәҳәт те жоқ,
Басыма ғаўасатлы күн туўды.

## Элифаздың биринши сөзи

4 1 Сонда теманлы Элифаз Аюп-
қа былай деди:

2 – Егер биреў саған сөз
айтпақшы болса,
Саған аўыр батпай ма?
Ақыры, ким сөйлеўден өзин
тыйып тура алады?
3 Еслеп көр, сен көплерге тәлим
берер,
Ҳәлсизлерди жигерлендирип,
күш берер едиң.
4 Сениң сөзлериң жығылғанға
тирек болып,
Дизелери қалтырап,
ҳәлсирегенлерге күш
беретуғын еди.
5 Ал енди сол нәрселер өз басыңа
түскенде,
Түскинликке түсип қалыпсаң,
Өзиң бахытсызлыққа
ушырағанда,
Руўхың түсип кетипти.
6 Қудайдан қорқыўың –
исенимиңниң,
Минсиз жасаўың – үмитиңниң
белгиси емес пе?

7 Ойлап көрши: қашан айыпсыз
адам набыт болып,
Әдил адам жоқ қылынған еди?
8 Мениң көргеним мынаў: ким
жаўызлықты шүдигарлап,
Ғам-қайғы туқымын ексе, соны
орып алады.
9 Олар Қудайдың үплеген
деминен набыт болады,
Оның ғәзебиниң даўылынан
жоқ болады.
10 Арысланлар ақырып,
ырылдассын,
Бирақ Қудай жыртқыш
арысланлардың тислерин
сындырады.
11 Сонда арыслан олжасыз өлип
кетеди,
Жетим қалған балалары тарап
кетеди.

12 Маған жасырынша бир сөз
келди,
Сыбырлысы қулағыма шалынды.
13 Түнги тәшиўишли түстен туўған
ойлар ишинде,
Адамлар қатты уйқыға шүмген
ўақытта,
14 Мени қорқыў бийлеп алып,
қалтыратпа басты,
Пүткил денем ләрзеге келди.
15 Самал бетимди сыйпап өтти,
Сонда төбе шашым тик турды.
16 Бир сүлдер турғандай болды,
Бирақ мен оның не екенин
түсинбедим.
Көз алдымда бир тулға пайда
болды,
Тынышлық ҳүким сүрди
ҳәм мен өлпең даўысты
еситтим:
17 «Адамзат Қудайдың алдында
әдил бола ала ма?
Адам өз Жаратыўшысының
алдында пәк бола ала ма?
18 Қудай, ҳәтте, Өзиниң аспандағы
хызметшилерине де
исенбейди,
Ҳәтте, периштелеринен де
кемшилик табады.
19 Сонда тийкары топырақтан
болған,
Ылайдан жаратылған,
Жәнликтей аңсат женшилип
қалатуғынларға не болады?
20 Олар күн шыққаннан ымырт
жабылғанға шекемги
аралықта набыт болады,
Олардың мәңгиге жоқ
болғанын байқамай да
қаласаң.
21 Олардың шатырларының
ишиндеги жиплери
үзилген,
Даналықтан хабарсыз өлип
кетеди».

## Элифаз сөзин даўам етеди

**5** 1 – Ал енди, Аюп, шақырғың
келсе, шақыр!
Саған жуўап бергендей, биреў
бар ма екен?
Периштелердиң қайсысынан
жәрдем сорамақшысаң?
2 Ашыў-ғәзеп ақмақты набыт
қылар,
Күншиллик саданы өлтирер,
3 Мен ақмақтың тамыр жайғанын
көрдим,
Бирақ тосаттан оның үй-иши
ғарғысқа ушырады.
4 Оның балалары аманлықтан
аўлақ болар,
Ҳүким ўақтында езилер,
Бирақ оларды жақлайтуғын
ҳеш ким болмас.

5 Оның зүрәәтин ашлар жеп қояр,
Ҳәтте, тикенлер арасында
өскенлерин де.
Ашкөзлер мал-мүлкин де алып
кетер.
6 Жаўызлық жерден өсип
шықпайды,
Ғам-қайғы да атызда өспейди.
7 Деген менен, от ушқынының
жоқары қарап ушқаны
сыяқлы,
Азап шегиў ушын туўылар инсан.

8 Бирақ мен Қудайды излеген,
Даўа-арзымды Оған тапсырған
болар едим.
9 Ол ақылға сыймайтуғын, уллы
ислерди ислеп,
Сансыз кәраматлар көрсетер.
10 Ол жер бетине жаўын жаўдырып,
Атызларды суўғарар.
11 Ол төмен аўҳалдағыларды
жоқары көтерип,
Қайғыға батқанларды
қәўипсизликке шығарар.
12 Ол ҳийлекерлердиң нийетлерине
тосқынлық жасап,
Оларды табыстан маҳрум етер.
13 Ол даналарды өзлериниң
мәккарлығы арқалы қолға
түсирип,
Ҳийлекерлердиң ойларын
пушқа шығарар.
14 Күндиз олар қараңғылыққа тап
болар,
Тал түсте де түндегидей
сыйпаланып жүрер.
15 Қудай жарлыны жаманлардың
ашшы сөзлеринен,
Күшлилердиң қолынан қутқарар.
16 Солай екен, кәмбағалларда үмит
бар,
Наҳақлардың аўзы жабылар.
17 Қудай ескертип, дүзететуғын
адам қандай бахытлы!
Сонлықтан Қудирети күшли
Қудайдың үгит-нәсиятын
писент етпей жүрме.
18 Ол жаралайды ҳәм Өзи оны
таңады,
Ол зыян келтиреди, бирақ Өз
қолы менен шыпалайды.
19 Ол сени алты бахытсызлықтан
қутқарады,
Жетинши апат та саған зыян
келтире алмайды.
20 Ашаршылықта өлимнен,
Урыста қылыштан сақлайды.
21 Ол сени тил бәлесинен
қорғайды,
Апат келгенде қорқпайтуғын
боласаң.
22 Ўайраншылық ҳәм ашлық
үстинен күлетуғын
боласаң,
Жабайы ҳайўанлардан да
қорқпайтуғын боласаң.
23 Даладағы таслар менен тил
табысасаң,
Жабайы ҳайўанлар да сениң
менен татыў болады.
24 Сен үйиңниң қәўипсизлик
ишинде екенин билесең,
Сүриў ҳәм падаларыңды көзден
өткергениңде,
Ҳеш нәрсеңниң жоғалмағанын
көресең.
25 Сениң сансыз балаларың
болады,
Урпағың жер бетиндеги шөп
сыяқлы мол болады.
26 Өз ўақтында буўылған бийдай
баўы киби,
Жасарыңды жасап, қәбириңе
киресең.

27 Мине, бизлер буны изертледик,
хәммеси ҳақыйқат екен,
Усыларды тыңлап, қабыл қыл.

## Аюптың жуўабы

6 1 Сонда Аюп былай деп жуўап берди:

2 – Аҳ, егер мениң шегип атырған
қайғым өлшенип,
Мен көрген апатшылық
тәрезиге тартылса еди!
3 Олар теңиз қумынан да аўыр
болар еди.
Сонлықтан ойланбай сөйледим.
4 Қудирети күшли Қудайдың
оқлары денеме қадалды,
Руўхым олардың зәҳәрин
ишпекте,
Қудай жиберген қорқыныш
маған қарсы сапқа дизилген.
5 Қуланның жайлаўда оты мол
болса, аңқырар ма еди?
Ямаса өгиз ақырының басында
мөңирер ме еди?
6 Аўқаттың дузсыз дәми бола ма?
Ямаса мәйектиң ақ уўызында
дәм бар ма?
7 Бундай аўқатлардан дәм
татқым келмейди,
Ондай аўқатлардан жүрегим
айныйды.

8 Егер тилегим орынланып,
Қудай әрманыма жеткизсе еди!
9 Қудай мени езип тасласа еди,
Қолын созып жанымды алса
еди!
10 Сонда мен жубаныш табар едим,
Қатты аўырып атырсам да,
қуўанар едим.
Себеби мен мухаддес Қудайдың
сөзлеринен жүз бурмадым.
11 Күшти қайдан табаман
күтетуғындай?
Ақыбетим не болар сабыр
қылатуғындай?
12 Мениң күшим тастан ба еди?
Ямаса денем темирден бе еди?
13 Өзиме өзим жәрдем бергендей
күшим қалды ма?
Табыс та мени тәрк етти.

14 Достына мийрим көрсетиўден
бас тартқан адам,
Қудирети күшли Қудайдан
қорқыўдан ўаз кешкен
адам болады.
15 Досларым, сизлер де қурып
қалған сай киби
турақсызсыз,
Ағып кететуғын сай суўларына
уқсайсыз.
16 Олар муз еригенде ылайланып
тасып,
Қар суўларына толып кетеди.
17 Бирақ қурғақ мәўсимде
олардың суўлары тартылып,
Ыссыда жоқ болып кетеди.
18 Кәрўанлар суў излеп, бағытын
өзгертер,
Шөлге кирип кетип, набыт
болар.
19 Тема журтының кәрўанлары суў
излер,
Шеба журтының саўдагерлери
үмит пенен қарар.
20 Олар өз үмитине алданар,
Сол жерге келип, албырап қалар.
21 Сизлер де мен ушын сол сайлар
сыяқлысыз,
Мениң қорқынышлы
аўҳалымды көрип,
ҳүрейиңиз ушып кетти.
22 Мен сизлерден саўға сорап па
едим?

Ямаса мен ушын
байлығыңыздан төлем
төлең дедим бе?
23 Мени душпан қолынан қутқарың
деп жалындым ба?
Ямаса қарақшылардың қолынан
мени сатып алың дедим бе?

24 Маған үйретиң, үндемей турайын,
Көрсетиңлер, мен неде
алжастым?
25 Туўры сөз қандай ашшы!
Бирақ сизлердиң
айыплаўларыңыз нени
дәлиллейди?
26 Сизлер мениң сөзлеримди
дүзетпекшимисиз?
Езилген адамның сөзлерин
итибарға ылайықсыз деп
санайсызлар ма?
27 Сизлер, ҳәтте, жетимлер ушын
шек таслаўдан,
Досларыңызды саўдаға салып,
сатыўдан тайынбас едиңиз.
28 Енди өтинемен, маған қараңлар,
Бетиңизге қарап, өтирик
сөйлемеймен ғой.
29 Райдан қайтың, енди әдалатсыз
болмаңлар,
Райдан қайтың, мен ҳақпан!
30 Ямаса аўзымнан әдалатсыз
сөзлер шыққан ба еди?
Яки тилим апатшылықтың
дәмин айыра алмай ма?

## Аюптың өмирден налыўы

7 1 Адамның жердеги турмы-
сы аўыр мийнеттен ибарат
емес пе?
Оның күнлери күнликшиниң
күнине уқсамай ма?
2 Адам кешки көлеңкени аңсаған
қулға,
Мийнет ҳақысын күткен
күнликшиге уқсайды.
3 Сол сыяқлы, үлес етип мәниссиз
айлар берилди,
Пайыма азаплы кешелер тийди.
4 Жатқанымда: «Қашан турар
екенмен?» – деп айтаман,
Бирақ түн узаққа созылып,
Таң атқанша, өрден-ыққа аўнап
шығаман.
5 Денемди қурт пенен жара басқан,
Терим тесилип, ириң ақпақта.
6 Күнлерим тоқыўшының
мәкисинен де тезирек
өтпекте,
Бирақ үмитсиз жуўмақланбақта.

7 Қудай, өмиримниң бир дем
сыяқлы екенин умытпа,
Көзим енди қайтып
жақсылықты көрмейди.
8 Мени көрип турған көзлериң
кейин мени көрмейди,
Көзлериң мени излейди, бирақ
мен жоқ боламан.
9 Булттың серпилип, жоқ болып
кеткениндей,
Өлилер мәканына кеткен адам
да қайтып келмейди.
10 Ол үйине қайтып келмейди,
Жасаған жери де енди оны еске
алмайды.

11 Соның ушын аўзыма ерк
беремен,
Өз дәртимди баян етемен.
Жанымның азабы ишинде
шағым етемен.
12 Қудайым, Сен маған сақшы
қоятуғындай,
Мен не, теңиз ямаса теңиз
айдарҳасы ма едим?
13 Төсегим маған тәселле берер,

Жатсам, дәртим жеңиллесер,
деп ойласам,
14 Мени түслер арқалы қорқытып,
Аянлар арқалы зәрремди
ушырасаң.
15 Бул денеде жасағаннан гөре,
Буўылып, өлгеним жақсы еди.
16 Мен жасаўдан тойдым, мәңги
жасаўды қәлемеймен,
Мени тыныш қой, өмирим өзи
бир демдей ғана.

17 Инсан ким өзи, оны сонша
қәдирлеп,
Оған дыққат қоясаң,
18 Ҳәр таңда оны тексерип,
Ҳәр сәтте оны сынайсаң?
19 Қашанға шекем меннен көз
үзбейсең?
Түкиригимди жутып алғанша
да, мени тыныш қоймақшы
емеспісең?
20 Егер гүна ислеген болсам, Саған
не тәсири бар, адамзаттың
Бақлаўшысы?
Не ушын мени Өзиңе нышан
қылып қойдың?
Мен Саған соншелли жүк
болдым ба?
21 Не ушын қылмысларымды
кеширип,
Гүналарымды меннен алып
тасламайсаң?
Себеби тез арада топыраққа
қайтаман.
Мени излейсең, бирақ мен жоқ
боламан.

## Билдадтың биринши сөзи

8 1 Сонда шуўахлы Билдад Аюпқа
былай деди:
2 – Қашанға дейин усы
сөзлериңди даўам етесең?
Аўзыңнан шыққан сөзлериң
даўылға уқсайды.
3 Қудай әдилликти бурмалай ма?
Қудирети күшли Қудай
ҳақыйқатты бурмалай ма?
4 Балаларың Оған қарсы гүна
иследи.
Сонлықтан Қудай да оларды
гүналары ушын жазалаған.
5 Бирақ, сен егер Қудайды
шақырып,
Қудирети күшли Қудайға
жалбарынсаң,
6 Егер сен пәк ҳәм әдил болсаң,
Онда Ол саған жәрдемге келип,
Сени ылайықлы орынға
қайтарады.
7 Сонда басланыўы кишкене
болса да,
Келешегиң уллы болады.

8 Өтинемен, өткен әўладлардан
сорап көр,
Олардың ата-бабаларының
нелерди излеп билгенин
қарап көр.
9 Бизлер кеше туўылдық, ҳеш
нәрсе билмеймиз,
Бизлердиң жер бетиндеги
күнлеримиз көлеңкедей
өткинши.
10 Олар саған үйретип, нәсият
береди,
Жүреклериндеги сөзлерин
сөйлеп береди.

11 Батпақлық жоқ жерде папирус[a]
өсе ме?
Суўсыз жерде қамыс бой соза ма?

---

[a] **8:11** *Папирус* – батпақлық жерлерде өсетуғын қамысқа уқсаған өсимлик.

12 Ҳәтте, олар көгерип турып, еле
орылмай атырып-ақ,
Ҳәмме шөплерден бурын
қуўрап қалады.
13 Қудайды умытқанлар да
келешекте сол күйге түседи,
Қудайсызлардың үмити де
солай қурыйды.
14 Олардың исенгени морт,
Сүйенгени өрмекшиниң аўындай.
15 Сондай адам өз үйине сүйенсе,
үй тура алмайды,
Беккем усласа да, ол шыдам
бере алмайды.
16 Қудайсыз адам қуяш астында
суўы мол жерде,
Өсип турған өсимликке
уқсайды,
Оның шақалары бағ үстинде
жайылып турады.
17 Тамырлары тас үйиндилерин
орап алып,
Таслардың арасына орналасып
алады.
18 Ал егер өсимлик сол жерден
жулып тасланса,
Сол жердиң өзи оннан
танып: «Сени ҳеш қашан
көрмедим», – дейди.
19 Оның өмириниң қуўанышы
мине, усылай аяқланады!
Ал топырақтан болса, басқа
өсимликлер өсип шығады.

20 Қудай минсиз адамды тәрк
етпейди,
Жаўызлық ислегенлерди де
қолламайды.
21 Ол және, сениң аўзыңды күлкиге,
Еринлериңди шадлық ҳаўазына
толтырады.
22 Сонда душпанларың уятқа
қалады,
Залымлардың шатыры ўайран
болады.

### Аюптың жуўабы

9 1 Сонда Аюп былай деп жуўап
берди:

2 – Аўа, ырас, буның сондай
екенин мен де билемен,
Бирақ инсан Қудайдың алдында
қалай ақлана алады?
3 Егер адам Қудай менен
тартыспақшы болса да,
Ол берген мың сораўдан
биреўине де жуўап бере
алмас еди.
4 Қудайдың даналығы терең,
қүдирети күшли,
Оның менен қасарысып, Ким
аман қала алды?
5 Алдын ала ескертпей-ақ, Ол
таўларды жылжытар,
Ғәзеплengенде, оларды аўдарып
таслар.
6 Ол жерди орнынан қозғап,
силкитер,
Оның тиреклерин титиретер.
7 Ол қуяшқа буйрық берсе, қуяш
уясынан шықпай қояр,
Жулдызларды да қулыплап қояр.
8 Оның жалғыз Өзи көклерди
жайған,
Ол теңиз толқынлары үстинде
жүрер.
9 Ол Жети қарақшыны, Орионды,
Үркерди ҳәм қубладағы
жулдызлардың ҳәммесин
жаратты.
10 Ол ақылға сыймайтуғын, уллы
ислерди ислеп,
Сансыз кәраматлар көрсетер.
11 Егер Ол қасымнан өтип кетсе
де, мен Оны көрмеймен,

Жақынлап өтип кетсе де, мен
Оны байқамайман.
12 Егер Ол алып қойса, Оны ким
тоқтата алады?
Ким Оған: «Сен не қылып
атырсаң?» – деп айта
алады?
13 Қудай Өз ғәзебин тутып
турмайды,
Рахабтың[a] жәрдемшилери де
Оның аяғына жығылады.

14 Солай екен, мен қалай Оған
жуўап бере аламан?
Оған айтыў ушын сөзлерди
қайдан табаман?
15 Айыпсыз болсам да, Оған жуўап
бере алмас едим,
Мен тек Қазымнан рехим
етиўин ғана сорап
жалбарынар едим.
16 Егер Оны даўыслап шақырсам,
Ол да маған жуўап берсе еди.
Бирақ, мениң даўысыма қулақ
салатуғынына исенбеймен.
17 Ол мени дүбелей менен
соққылап, азап бермекте,
Айыпсыздан айыпсыз
жараларымды көбейтпекте.
18 Ол дем алыўға да жол қоймайды,
Жүрегимди қайғыға толтырып
атыр.
19 Егер күш сыналса, Ол күшли!
Егер әдалат соралса, Оны ким
қазыханаға алып келе
алады?
20 Айыпсыз болсам да, өз аўзым
мени айыплы етер,
Егер, ҳәтте, минсиз болсам да,
Ол мени наҳаққа шығарар.
21 Мен минсизбен, бирақ енди
маған бәри бир,
Өз өмиримнен түңилип турман.
22 Аўа, бәри бир екен. Сонлықтан
мен былай деймен:
«Қудай айыпсызды да, айыплыны
да набыт қылады».
23 Бахытсызлық тосаттан өлим
келтирсе,
Ол айыпсызлардың басына
түскен апатқа күледи.
24 Жер жүзи залымлардың қолына
берилген,
Ол оның қазыларының көзин
жаўып қойған.
Егер буны Ол ислемеген болса,
онда басқа ким екен?

25 Күнлерим жуўырыўшыдан да
тез жуўырып өтпекте,
Олар жақсылық көрмей-ақ,
өтип кетпекте.
26 Олар қамыс қайық сыяқлы,
Олжаға тасланған бүркит
сыяқлы, тез көзден ғайып
болады.
27 Егер мен: «Шағымымды
умытайын,
Қайғылы түримди өзгертип,
күлимсирейин», – десем де,
28 Бәри бир көретуғын азабымнан
қорқар едим.
Билемен, Сен мени айыпсыз
деп санамайсаң.
29 Егер айыплы деп табылған
екенмен,
Онда бостан-босқа гүресип не
қыламан?
30 Ҳәтте, қар суўына жуўынсам да,
Қолларымды сабын менен
жуўсам да,

---

[a] **9:13** *Рахаб* – Лиўятанның (3:8) басқа аты.

31 Бәри бир Сен мени ылай
шуқырға таслайсаң,
Ҳәтте, кийимлерим де меннен
жеркенеди.

32 Қудай мен сыяқлы инсан
болмағанлықтан,
Мен Оған жуўап бере алмайман,
Оның менен бирге қазыханаға
да бара алмайман.
33 Қолын екеўимиздиң үстимизге
қойып, жарастыратуғын,
Арамызда бир дәлдалшы болса
еди!
34 Ҳасасын үстимнен алып тасласа
еди Қудай,
Қорқынышы да мени
қорқытыўды тоқтатса еди!
35 Сонда мен Оннан қорқпастан,
Оның менен сөйлесер едим,
Бирақ бул аўҳалда ҳеш нәрсе
қыла алмайман.

# 10

1 Өмирден тойдым!
Енди арзымды еркин
айтаман,
Ишимдеги ашшы дәрт пенен
сөйлеймен.
2 Мен Қудайға былай деймен:
«Мени айыплама.
Мени не ушын айыплап
атырғаныңды айт.
3 Ямаса мени езиў,
Яғный Өз қолларың
жаратқаннан бас тартыў,
Залымлардың нийетлерин
қоллаў Саған унай ма?
4 Сениң көзлериң инсанның
көзлериндей ме?
Ямаса Сен де олар қарағандай
қарайсаң ба?
5 Сениң күнлериң де инсанның
күнлериндей ме?
Жылларың адамның
жылларындай ма?
6 Не ушын мениң гүнамды излеп,
Айыбымды табыўға асығасаң?
7 Бирақ Сен мениң айыпсыз
екенимди,
Сениң қолыңнан мени
ҳеш кимниң қутқара
алмайтуғынын билесең.

8 Сениң қолларың мени соғып,
жаратты,
Бирақ енди мени пүткиллей
жоқ қылмақшымысаң?
9 Мени ылайдан қалай
соққаныңды есле.
Енди мени және топыраққа
қайтармақшымысаң?
10 Сен емес пе, мени анамның
қурсағына сүт киби қуйған,
Сол жерде мени иримтик киби
қойылтқан,
11 Мени тери ҳәм дене менен
кийиндирип,
Сүйек ҳәм сиңирлер менен
бириктирген?
12 Сен маған өмир сыйлап,
мийриминди көрсеттиң,
Сениң ғамхорлығың мениң
руўхымды қорғады.

13 Бирақ, мине, Сен жүрегинде
мына нәрселерди жасырып
қойдың,
Сениң нийетиңниң не екенин
билемен:
14 Гүна ислесем, мени гүзетип
турған боласаң,
Буны жазасыз қалдырмайсаң.
15 Егер айыплы болсам, маған
ҳәсирет болсын!
Бирақ ҳақ болсам да, басымды
көтере алмай атырман,

Уятқа қалдым, дәртим аўыр.
16 Егер басымды көтерсем,
Арыслан киби маған
тасланасаң,
Қорқынышлы күшиңди
қайтадан маған қарсы
ислетесең.
17 Маған қарсы жаңадан гүўалар
алып келесең,
Маған деген ғәзебиңди
арттырасаң,
Шабыўыл үстине шабыўыл
қыласаң.

18 Не ушын туўылыўыма жол
қойдың?
Ҳеш ким мени көрместен
алдын, өлгеним жақсы еди.
19 Ҳеш дүньяға келмегендей болып,
Анамның қурсағынан туўры
қәбирге қойылғанымда еди.
20 Мениң өмир күнлерим қысқа
емес пе?
Мени тыныш қой, бир сәт
тәселле табайын.
21 Себеби мен қайтып келмес
жолға,
Тас түнек қараңғылық ҳүким
сүрген жерге атланаман.
22 Қойыў қараңғылыққа шүмген
жерге,
Тәртипке келтирилмеген өлим
түнеги елине,
Жақтылығы да тас түнек
болған жерге кетемен».

## Софардың биринши сөзи

**11** 1 Сонда наамалы Софар былай деди:

2 – Сонша көп сөз жуўапсыз қала
ма?
Көп сөйлеген адам ақлана ма?
3 Мылжың гәплериң адамлардың
тилин тыйып қойсын ба?
Масқаралағаныңда, сени ҳеш
ким уялтпасын ба?
4 Сен: «Тәлимим минсиз,
Өзим де Қудайдың алдында
пәкпен», – дейсең.
5 Қәне, енди Қудай жуўап берип,
Саған қарсы тил қатып,
6 Даналықтың сырларын
билдирсе еди!
Себеби даналық көп қырлы ғой.
Билип қой, Қудай гүналарыңның
базыларын жеңил
жазалайды.

7 Қудайдың терең сырларын
түсине аласаң ба?
Қүдирети күшли Қудайдың
шегине жете аласаң ба?
8 Қудайдың даналығы аспаннан
да бийик, сен не қыла
аласаң?
Өлилер мәканынан да терең, не
биле аласаң?
9 Оның өлшеми жерден де узын,
Теңизден де кең.

10 Егер Қудай келип, зинданға
тасласа,
Ҳүким етиў ушын шақырса,
ким Оған тосқынлық қыла
алады?
11 Ол өтирикшилерди биледи,
Ол жаўызлықты көрип, оны
итибарсыз қалдыра ма?
12 Қуланнан адам
туўылмайтуғыны сыяқлы,
Мийи жоқ адам да дана бола
алмайды.

13 Бирақ, сен егер Оған жүрегиңди
қайта бағышлап,

Қолларыңды жайып, дуўа
етсең,
14 Егер жаўызлық ислеген
болсаң, оны өзиңнен
узақластырсаң,
Шатырыңнан наҳақлықты
қуўып шығарсаң,
15 Сонда уялмастан басыңды
көтерип,
Қорқпастан тикке туратуғының
сөзсиз.
16 Азабыңды умытып,
Оны ағып кеткен суўлар киби
ядқа аласаң.
17 Өмириң түстеги күнниң
нурынан да жарық болар,
Ондағы қараңғылық та таң
нурына айланар.
18 Үмитиң болғанлықтан, аркайын
боларсаң,
Әтирапың қоршалғанлықтан,
қәўипсиз дем аласаң.
19 Жатқаныңда, сени қорқытатуғын
ҳеш ким болмайды,
Көплер сеннен мийрим излеп
келеди.
20 Бирақ залымлардың көзлери
талып,
Бас саўғалайтуғын жери де
болмайды,
Үмитлери тек соңғы демин
бериў болып қалады.

### Аюптың жуўабы

**12** 1 Сонда Аюп былай деп жуўап берди:

2 – Әлбетте, сизлер ҳәммесин
билесиз,
Даналық та сизлер менен бирге
өлип кетсе керек!
3 Бирақ менде де сизлердегидей
ақыл бар,
Мен де сизлерден кем емеспен,
Сизлер айтып атырғанларды
ким билмейди?

4 Мен өз досларыма күлки
болдым.
Қудайды шақырғанымда,
Ол маған бурын жуўап
беретуғын еди.
Әдил ҳәм минсиз болсам да,
күлкиге қалып отырман!
5 Қайғысызлар бахытсызлыққа
ушырағанды менсинбейди,
Сүрниккенди ийтерип
жибереди.
6 Қарақшылардың шатырында
тынышлық ҳүким сүрген,
Қудайдың ғәзебин
келтиргенлер қәўип-
қәтерсиз жасап атыр,
Тап Қудай олардың қолында
сыяқлы.

7 Бирақ ҳайўанатлардан сора,
олар саған үйретеди,
Көктеги қуслардан сора, олар
саған айтып береди.
8 Жер менен сөйлес, ол саған
тәлим береди,
Теңиздеги балықлар саған
билдиреди.
9 Олардың қайсысы билмес,
Булардың ҳәммеси Жаратқан
Ийениң қолы менен
исленгенин?
10 Ҳәр бир жаратылыстың өмири де,
Ҳәр бир адамның жаны да
Оның қолында.

11 Аўыз аўқаттың дәмин
ажыратқанындай,
Қулақ та сөзлердиң мәнисин
айыра алмай ма?

12 Даналық жасы үлкенлерде
болмай ма?
Ақыл узақ өмир сүргенлерде
болмай ма?

13 Бирақ Қудайда даналық та, күш
те бар,
Мәсләҳәт пенен ақыл да Оған
тийисли.
14 Ол қулатқан нәрсе қайта
тикленбейди,
Ол қамаққа таслағанды, ҳеш
ким босата алмайды.
15 Қудай суўларды тоқтатса,
қурғақшылық болар,
Егер жиберсе, дүньяны суў алар.
16 Күш-қуўат пенен жеңис те Оған
тийисли,
Алданған да, алдаған да Оның
қолында.
17 Ол мәсләҳәтшилерди жалаңаяқ
айдатып,
Бийлерди ақмаққа
айландырады.
18 Ол патшалардың сәнли
белбеўлерин шешип алып,
Беллерине арқан байлап қояды.
19 Руўханийлерди де жалаңаяқ
айдатып,
Күшлилерди аўдарып таслайды.
20 Ол исенимли мәсләҳәтшилерди
тилден айырады,
Ақсақалларды ақылынан жуда
қылады.
21 Ол ақсүйеклерди шерменде
қылады,
Күшлилерди күшинен айырады.
22 Ол қараңғылықтың терең
сырларын ашады,
Тас түнекти де жарыққа
шығарады.
23 Халықларды уллы қылатуғын
да, жоқ қылатуғын да Ол,
Оларды көбейтетуғын да,
тарқатып жиберетуғын да Ол.
24 Жер бетиндеги халық
басшыларын ақылынан
айыратуғын да Ол,
Жолсыз шөлде гездирип
қоятуғын да Ол.
25 Олар тас түнек қараңғылықта
сыйпаланып жүреди,
Оларды мәс адамдай
теңселдирип қояды.

# 13

1 Мине, булардың ҳәмме-
син көзлерим көрди,
Қулақларым менен еситип,
түсиндим.
2 Сизлердиң билгенлериңизди
мен де билемен,
Мен сизлерден кем емеспен.
3 Бирақ мен Қүдирети күшли
Қудай менен сөйлесип,
Даўамды Қудай менен
тартысқым келеди.
4 Ал сизлер мени өтирик пенен
ыласлайсыз,
Ҳәммеңиз пайдасыз тәўиплерге
уқсайсыз.
5 Қәне, ҳәммеңиз дым үндемей
отырсаңыз,
Бул сизлер ушын даналық
болар еди.
6 Енди мениң арзымды тыңлап,
Келтиретуғын дәлиллериме
қулақ салың.
7 Қудай ушын наҳақ сөзлерди
айтып,
Ол ушын өтирик сөйлеўиңиз
керек пе?
8 Еки жүзлилик пенен Қудайды
жақлап,
Оның сөзин сөйлемекшимисиз?
9 Егер Қудай сизлерди тексерсе,
жақсы бола ма?

Адамларды алдағандай, Оны да
алдайсызлар ма?
10 Еки жүзлилик етип, жасырынша
Оны жақласаңыз,
Ол сизлерди сөзсиз жазалайды.
11 Оның уллылығы сизлерди
қорқытпай ма?
Оның айбаты сизлерге ҳүжим
қылмай ма?
12 Ескертиўлериңиз күл сыяқлы
пайдасыз нақыллардан
ибарат,
Дәлиллериңиз ылайдан
исленген қалқандай ҳәлсиз.

13 Үндемеңлер, мен сөйлеймен,
Кейин не болса, болар.
14 Сонлықтан тәўекелге бел байлап,
Жанымды қәтерге қойып
атырман.
15 Қараңлар, Ол мени өлтирмекши,
үмитим қалмады,
Бирақ мен жолларымды Оның
алдында қорғайман.
16 Сол арқалы қутқарыламан,
Қудайсыз адам Оның алдына
барыўға жүрек ете алмайды.
17 Сөзлеримди дыққат пенен
тыңлаң,
Гәплерим қулақларыңызға
кирсин.
18 Мине, мен даўа-арзымды
таярладым,
Ақланатуғынымды билемен.
19 Мениң менен тартысатуғын
адам бар ма?
Егер биреў мени айыплы деп
тапса, үндемей өлип кетемен.

### Аюптың дуўасы

20 Тек мына еки нәрсени сорайман,
Қудай,
Соны қылсаң, мен Сеннен
артық жасырынбайман:
21 Меннен қолыңды тарт,
Ҳәм айбатың менен мени
қорқытпа.
22 Соңынан мени шақыр, жуўап
беремен,
Ямаса маған сөйлеўге рухсат
берип, Өзиң жуўап бер.
23 Мениң қанша айып ҳәм
гүналарым бар?
Маған қылмысларым менен
гүнамды көрсет.
24 Не ушын жүзиңди жасырасаң?
Неге мени душпаным деп
санайсаң?
25 Сен самал ушырған жапырақты
қорқытпақшымысаң?
Қуўрап қалған қаўықты
қуўдаламақшымысаң?
26 Сен мен туўралы ашшы айыплар
жазып қойып,
Балалығымдағы гүналарымды
маған мийрас етип, берип
атырсаң.
27 Аяқларымды буғаўлап,
Жолларымды гүзетип,
Изимнен ҳеш қалмайсаң.

28 Сонлықтан шириген нәрседей,
Күйе жеген кийимдей ыдырап
жоқ болмақтаман.

14 1 Ҳаялдан туўылған инсан-
ның,
Өмири қысқа, азапқа толы
болады.
2 Ол гүл сыяқлы өседи, солып
қалады,
Көлеңке сыяқлы тез өтип
кетеди, турып қалмайды.
3 Сондай инсан болған маған
нәзериңди үзбей қарайсаң ба?

Ҳүким қылыў ушын мени
дәргайыңа алып келесең бе?
4 Ким ҳарам нәрседен ҳадал нәрсе
шығара алады?
Ҳеш ким!
5 Инсанның күнлерин белгилеп,
Айларының санын санап,
Асып кетпейтуғын шек те
қойған екенсең,
6 Енди оннан нәзериңди алып,
оны тынышына қой.
Ол да күнликшиниң жумыс
күниниң аяқланғанына
қуўанғанындай, өмиринен
рәҳәтленсин.

7 Ҳәтте, ағашта да үмит бар,
Оны кесип тасласа, ол қайта
өседи,
Өсиўин тоқтатпайды.
8 Тамырлары қартайып қаўсап,
Түбири топырақта ширип кетсе
де,
9 Суў ийисин алып-ақ, жайнап
кетеди,
Жас терек сыяқлы шақаларын
жаяды.
10 Бирақ инсан өлсе, бар күшинен
айырылады,
Соңғы демин шығарғаннан соң,
ол қай жерде болады?
11 Көлдиң суўы қурып қалғандай,
Дәрья суўы тартылып, кеўип
қалғандай,
12 Өлген адам да жатады, қайтып
турмайды,
Аспан жоғалып кетпегенше, ол
оянбайды,
Уйқысынан ҳеш турмайды.

13 Қәне, Сен мени өлилер
мәканына жасырып
қойсаң еди,
Ғәзебиң басылғанша, сақлап
қойсаң еди!
Мен ушын бир ўақыт белгилеп,
Соңынан мени еске алсаң еди!
14 Адам өлгеннен соң, қайта
тириле ме?
Егер сондай болса, азат
етилгенимше,
Азаплы күнлеримниң барлық
күнлеринде қайта
тирилиўди күтер едим.
15 Сонда мени, Өзиң жаратқан
жаратылысыңды,
Көргиң келгенде, шақырар
един,
Мен де жуўап берер едим.
16 Сонда Сен адымларымды санап,
гүзетер едиң,
Бирақ гүналарымның есабын
алмас едиң.
17 Қылмысларымды дорбаға
салып мөрлеп,
Ислеген гүналарымды жасырар
едиң.

18 Бирақ таўлар қулап, майдаланып,
Жартаслар өз орнынан
қозғалғандай,
19 Суўдың тасты жалмап,
Ағыстың топырақты ағызып
кеткениндей,
Сен де инсанның үмитин жоқ
қыласаң.
20 Сен оны ақырына шекем езесең,
ол жоқ болады,
Өлгенинде жүзин өзгертип,
узаққа жибересең.
21 Уллары ҳүрметке миясар болар,
буннан оның хабары болмас,
Жерге урылар, буны билмес.
22 Ол тек өз денесиниң азабын
сезер,
Тек өзи ушын қайғырар.

## Элифаздың екинши сөзи

**15** [1] Сонда теманлы Элифаз
былай деп жууап берди:

2 – Қарнын ыссы самалға
толтырғандай,
Дана адам бундай ҳауадан
алынған сөзлер менен
жууап бере ме?
3 Пайдасыз сөзлер менен
айтысып,
Мәниссиз гәплер айтып,
тартысар ма еди?
4 Ҳақыйқаттан да, сен Қудайдан
қорқыуды шетке ысырып
қойдың,
Оның алдында дууа етиуди де
болар-болмас нәрсе деп
санадың.
5 Гүналарың аўзыңа сөз салып
тур,
Ҳийлекерлердиң тили менен
сөйлеп турсаң.
6 Сени айыплап атырған мен емес,
ал өз аўзың,
Тилиң өзиңе қарсы гүўалық
берип тур.

7 Сен не адамзаттың
туңғышымысаң?
Ямаса төбелер жаратылмастан
да бурын туўылғанбысаң?
8 Қудайдың мәжилисине
қатнасып, Оны тыңлап па
един?
Ямаса дана адам тек жалғыз
өзиңбисең?
9 Сен билип, биз билмейтуғын не
нәрсе екен?
Сен түсинип, биз
түсинбейтуғын не нәрсе
екен?
10 Арамызда ақ шашлылар да,
ғаррылар да бар,
Олардың жасы сениң әкеңнен
де үлкен.
11 Қудайдың тәселлеси сен ушын
аз болды ма?
Саған айтқан жағымлы сөзлери
кемлик қылды ма?
12 Не ушын жүрегиң сени алағада
қылады?
Не ушын көзлериңде ғәзеп оты
лаўлап тур?
13 Не ушын Қудайға ашыўланып,
Аўзыңа соншелли ерк бересең?

14 Адам қалай пәк бола алады?
Ҳаял затынан туўылған бенде
қалай әдил бола алады?
15 Қудай Өз периштелерине де
исенбейди,
Ҳәтте, аспан да Оның
нәзеринде пәк емес.
16 Солай екен, наҳақлықты суў
киби ишетуғын,
Иплас ҳәм бузық инсан оннан
бетер емес пе?

17 Қулақ сал, мен саған
түсиндиремен,
Өзим көргенимди айтып
беремен.
18 Даналардың айтқанларын,
Ата-бабаларынан үйренип,
жасырмай үйреткенлерин
айтып беремен.
19 Жер тек олардың ата-
бабаларына берилген еди,
Олардың арасында жат
адамлар жоқ еди.
20 Залым адам өмир бойы азап
шегеди,
Езиўшилерге берилген жыллар
санаўлы.

21 Қорқынышлы даўыслар
олардың қулақларынан
кетпейди,
Тынышлық ўақтында да
басқыншылардың
ҳүжимине ушырайды.
22 Олар қараңғылықтан
қутылыўға үмит етпейди,
Олардың тәғдирине қылыштан
өлиў жазылған.
23 Олар бир тислем нан излеп
сергиздан болар,
Қараңғылық күниниң
жақынласқанын да билер.
24 Азап ҳәм қайғы оларды
қорқынышқа салар,
Урысқа таяр турған патша
сыяқлы қорқыныш оларды
жеңер.
25 Олар қолларын Қудайға қарсы
көтерип,
Қүдирети күшли Қудайды
майданға шақырар.
26 Қалың, беккем қалқанын көтерип,
Өжетленип, Оған қарсы
жуўырар.

27 Залым адамның бетин май
қаплап,
Бөкселерине май жыйналған.
28 Олар қарабақанаға айланған
қалаларда жасайды,
Қулап кетейин деп турған,
Қаңырап қалған үйлерде
жасайды.
29 Олар байымайды, байлығы
узаққа созылмайды,
Мал-мүлки жер бетине
жайылмайды.
30 Олар қараңғылықтан қутыла
алмайды,
Олар шақалары жанған терекке
уқсайды,
Қудайдың деми оларды
ушырып жибереди.
31 Бос нәрсеге үмит байлап, өзин
алдамасын,
Олардың сыйы бослық болады.
32 Ўақты-сааты келмей шаўып
тасланады,
Шақалары енди қайтып
көгермейди.
33 Олар көклей миййўеси төгилген
жүзим ағашына,
Гүллери төгилип, миййўесиз
қалған зәйтүн ағашына
уқсайды.
34 Қудайсызлардың топары
нәсилсиз болады,
Парахорлардың шатырларын
от жалмап, жоқ қылады.
35 Олар қайғыға ҳәмиледар болып,
жаўызлықты туўады,
Жүреклери жалғанға толы
болады.

## Аюптың жуўабы

# 16

1 Сонда Аюп былай деп жуўап берди:

2 – Мен бундай нәрселерди көп
еситтим,
Сизлердиң ҳәммеңиз
қандай бийшара
жубатыўшысызлар!
3 Бос сөзлериңиздиң ақыры бар
ма өзи?
Тартысыўға сизлерди не
мәжбүрлеп тур?
4 Егер сизлер мениң орнымда
болғаныңызда,
Мен де сизлердиң
айтқаныңызды айта аламан.
Сизлерге қарсы сөз тоқып
айтып,
Басымды шайқай аламан.

5 Бирақ мен сөзлерим менен
тәселле берер едим,
Ернимниң қыймылдысы менен
дәртиңизди жеңиллетер
едим.

6 Ал ҳәзир сөйлесем де, азабым
жеңилленбейди,
Сөйлемесем де, ол басылмайды.
7 Эҳ, Қудай, Сен мени женшип
тасладың,
Пүткил үй-ишимди қырып
тасладың!
8 Жүзимди әжим менен қапладың,
Олар маған қарсы гүўалық
болмақта,
Азғынлығым да маған қарсы
турып,
Маған қарсы гүўалық бермекте.
9 Қудай мени жек көрип,
Ғәзеп пенен тилким-тилким
етпекте,
Тислерин қайрап маған,
Душпан көзи менен қарап,
мени теспекте.
10 Адамлар аўызларын керип
ашып,
Мени масқаралап, шекеме
урды,
Олар маған қарсы бирикти.
11 Қудай мени жаўызлардың
қолына тапсырды,
Залымлардың қолына таслап
қойды.
12 Мен тыныш жасап атыр едим,
Бирақ Ол мени майдалап
таслады,
Желкемнен услап алып, жерге
урды.
Мени Өзине нышан қылды.
13 Оның садақшылары мени
қоршап алды,
Аямай бөтекелеримди тесип,
Өтимди жерге төкти.
14 Қудай денемдеги тесиктиң үстин
қайта-қайта тесип,
Жаўынгер әскер киби үстиме
топылмақта.

15 Мен үстиме аза кийимин
тиктим,
Аяқ асты болып, топырақта
отырман.
16 Жылағаннан жүзим қызарды,
Қабақларым қарайып кетти.
17 Бирақ қолларым жаўызлық
ислемеди,
Дуўам да таза.

18 Топырақ, сен мениң қанымды
жасырма,
Пәриядым ҳасла тынбасын.
19 Мине, ҳәзир мениң Гүўам
аспанда,
Жоқарыда мениң Қорғаўшым
бар.
20 Досларым мени мазақ қылмақта,
Көз жасларым Қудайға қарай
ақпақта.
21 Биреўдиң дослары арасында
тәўеллеши болғанындай,
Қудай менен мениң арамда да
бир тәўеллеши болса еди!

22 Өмиримниң ақыры жақынлап
қалды,
Қайта келмес жолға атланаман.

# 17

1 Руўхым түскен, өмирим
аз қалған,
Қәбир мени күтип турыпты.
2 Мазақ қылыўшылар
әтирапымды орап алған,
Олардың қалай хорлық
көрсетип атырғанын көрип
турман.

3 Қудай, Өзиң маған кепил бола
гөр,
Сеннен басқа ким бар мени
жақлайтуғын?
4 Сен мениң досларымның ақыл-
санасын түсинбейтуғын
етип жаўып қойдың,
Сонлықтан Сен олардың
жеңиске ерисиўине жол
қоймайсаң.
5 Өз пайдасын гөзлеп, досларын
сатқан адамның,
Соқырлығының кесапаты
балаларына тийеди.

6 Қудай мени адамлар тилиндеги
әпсанаға айландырды,
Олар бетиме түкирди.
7 Қайғыдан көзлерим қараўытып,
Денемниң сүлдери қалды.
8 Әдил адамлар буны көрип
шоршып кетер,
Айыпсызлар қудайсызларға
қарсы ғәзеп атына минер.
9 Сонда да әдил адамлар өз
жолларына берик қалар,
Қоллары таза болғанлар
беккемленип бара берер.
10 Қәне, сизлер және бир ҳәрекет
етип көриң,
Бәри бир араңыздан дана адам
таба алмаспан.

11 Мениң күнлерим өтип кетти,
Нийетлерим де шилпәрше
болды.
Жүректеги қәлеўлерим де өлди.
12 Досларым түнди күндизге
айландырады,
Қараңғы басса да: «Ҳәзир
жарық түседи», – дейди.
13 Егер өлилер мәканы мениң үйим
болса,
Төсегимди қараңғылыққа
салайын деп атырсам,
14 Қәбирге: «Сен мениң әкемсең», –
десем,
Қуртларға: «Сизлер
мениң анам ҳәм апа-
қарындасларымсыз», –
десем,
15 Онда мениң үмитимниң қайда
болғаны?
Ким мениң үмитимди көре
алады?
16 Үмитим мениң менен бирге
өлилер мәканына бара ма?
Мениң менен бирге топырақ
қойнына кире ме?

### Билдадтың екинши сөзи

**18** 1 Сонда шуўахлы Билдад
былай деп жуўап берди:

2 – Бундай сөзлерди айтыўды
қашан тоқтатасызлар?
Ақылға келиңлер, соңынан
сөйлесемиз.
3 Аюп, сен не ушын бизлерди
ҳайўан деп санап турсаң?
Не ушын көзиңе ақмақ болып
көринип турмыз?
4 Ғәзеп пенен өз жаныңды
жарақатлап атырсаң,
Сени деп жер бети қаңырап
қалып,
Жартаслар өз орнынан
қозғалыўы керек пе?

5 Дурыс, залымның оты сөнеди,
Ҳәтте, ушқыны да қалмайды.
6 Шатырындағы жақтылық
қараңғылыққа айланады,
Жоқарысында турған шырасы
да өшип қалады.
7 Кең қәдемлери қысқарып,

Өз жобаларының қурбанына
айланады.
8 Өз аяқлары оны торға жетелеп,
Өзи барып, шуқырға түседи.
9 Дузақ оны табанынан қысып
алып,
Тор оны беккем услап алады.
10 Ол ушын жерге бир дузақ жип
қойылған,
Жолында оны қақпан күтпекте.
11 Жән-жағынан қорқыныш оның
зәрресин ушырып,
Ҳәр адымында изинен қуўып
жүреди.
12 Оның күши ашлықтан
таўысылып,
Сүрниккен жеринде апат та
күтип турады.
13 Кеселлик оның терисин
кемиреди,
Аўыр қәстелик оның
мүшелерин жеп таслайды.
14 Оны қәўипсиз шатырынан
суўырып алып,
Қорқыныш патшасының
алдына алып барады.
15 Залымның шатырын өрт
жалмайды,
Ол жасаған үйге ыссы күкирт
жаўады.
16 Оның тамырлары қурғап, кеўип,
Шақалары қуўрап қалады.
17 Жер бетинде ол еске алынбай,
Көшелерде оның аты өшеди.
18 Ол жарықтан түнекке айдалып,
Бул дүньядан қуўып
жибериледи.
19 Халық арасында оннан ул да,
ақлық та қалмайды,
Ол жасаған жерде ҳеш кими
қалмайды.
20 Батыстағылар оның тәғдиринен
қорқынышқа түседи,
Шығыстағыларды қорқыныш
бийлеп алады.
21 Аўа, жаўызлардың жасайтуғын
жери усы аўҳалға түседи,
Қудайды танымайтуғынлардың
мәканы усындай болады.

### Аюптың жуўабы

**19** 1 Сонда Аюп былай деп жу-
ўап берди:

2 – Қашанға шекем мени қыйнап,
Сөзлериңиз бенен мени езесиз?
3 Мине, мени он мәрте
кемситтиңиз,
Азар бере бериўге
уялмайсызлар ма?
4 Егер мениң қәтелескеним ырас
болса,
Онда ол мениң мойнымда.
5 Өзлериңизди меннен жоқары
қойып,
Шерменде болғанымды бетиме
бассаңыз,
6 Онда билип қойың: Қудай маған
наҳақлық қылды,
Өз торын үстиме таслады.

7 Мен: «Бул – зорлық», – деп
бақырсам да,
Ҳеш ким жуўап бермейди.
Жәрдемге шақыраман, бирақ
әдалатлық жоқ.
8 Қудай жолыма бөгет қойды, өте
алмайман,
Соқпақларымды қараңғылыққа
бүркеди.
9 Ол мени абырайымнан журдай
қылып,
Басымнан тажымды шешип
алды.
10 Мени жән-жақтан қырып
жойды, тамам болдым,

Ағашты суўырғандай етип,
үмитимди түп-тамыры
менен суўырып алды.
11 Оның ғәзеби маған қарсы
қайнамақта,
Ол мени душпан деп санайды.
12 Оның ләшкерлери де маған
қарсы атланып,
Мени қамал қылыў нийетинде,
Шатырым әтирапына орда
қурды.

13 Қудай туўысқанларымды
меннен узақластырып,
Жақынларымды жат қылды.
14 Ағайин-туўғанларым меннен
жүз бурды,
Досларым мени умытты.
15 Қонақларым да, шорыларым да,
Мени жат санап,
Өзге адамдай қарасады.
16 Хызметшимди шақырсам,
жуўап бермейди,
Оған жалыныўым керек.
17 Ҳаялым демимнен тиксинеди,
Туўысқанларым меннен
жеркенеди.
18 Ҳәтте, кишкене балалар да мени
кемситеди,
Орнымнан турсам, үстимнен
күледи.
19 Жақын досларым меннен
жеркенеди,
Сүйгенлерим меннен жүз
бурды.
20 Ет-терим сүйегиме жабысқан,
Тәнимде шықпас жаным ғана бар.

21 Маған ашының, ҳәй досларым,
маған ашының!
Мени Қудай урды!
22 Неге Қудай сыяқлы сизлер де
изимнен қалмайсызлар?
Етиме еле тоймадыңыз ба?

23 Қәне енди, сөзлерим жазып
қойылса,
Орама китапқа жазып
қалдырылса!
24 Темир қәлем ҳәм қорғасын
менен,
Тасқа ойылып мәңгиге қалса!
25 Бирақ мен билемен, Әмеңгерим
тири,
Ақырында Ол мен ушын жер
бетине келип турады.
26 Денем бузылып кеткеннен
кейин болса да,
Усы денем менен Қудайды
көремен,
27 Оны мен өзим көремен!
Оны көретуғын басқаның емес,
мениң өз көзлерим болады.
Жүрегим қанамнан шығып
баратыр!

28 Егер сизлер: «Бизлер оны қалай
қуўдалаймыз,
Ақыры, мәселениң түп-тамыры
онда ғой», – десеңиз,
29 Онда қылыштан қорқың,
Себеби Қудайдың ғәзеби
басыңызға қылыш
дөндиреди,
Сонда ҳүким етиўшиниң бар
екенин көресиз.

## Софардың екинши сөзи

**20** 1 Сонда наамалы Софар Аюпқа былай деди:

2 – Қәўетерли пикирлерим мени
жуўап бериўге мәжбүр
етпекте,
Мен қатты тынышсызланып
турман.

3 Мен кеўлиме тийетуғын
айыплаўларыңды еситип
турман,
Сонлықтан ақылым мен ушын
жуўап бермекте.

4 Билмес пе един әййемнен бери,
Адамзат дүньяға келгенли бери,
5 Залымның шадлығы узаққа
созылмады,
Қудайсыздың қуўанышы бир
сәтлик ғана.
6 Оның көкиреги көклерге жетип,
Басы бултларға тийсе де,
7 Ол өзиниң дәрети киби мәңгиге
жоқ болады.
Оны көргенлер: «Ол қай
жерде?» – деп сорайды.
8 Ол түс сыяқлы ғайып болады,
оны ҳеш ким таба алмайды,
Түнде көринген елестей
жоғалып кетеди.
9 Оны көрген көзлер енди
көрмейди,
Үй-ишиндегилерге қайтып
көринбейди.
10 Оның балалары
кәмбағаллардан меҳир
күтеди,
Урпақлары тартып алған
мал-дүньясын қайтарып
береди.
11 Денесин толтырған жаслық
жигери,
Оның менен бирге топырақта
жатады.

12 Жаманлық оның аўзында татлы
көринип,
Оны тилиниң астына жасырса
да,
13 Оны қәдирлеп, жибермей,
Аўзында услап турса да,
14 Ол асқазанда айнып,
Ишинде жыланның уўына
айланады.
15 Ол жутқан байлықларын
қайтарып қусады,
Қудай оларды асқазанынан
шығарып алады.
16 Ол жыланның уўын сорыйды,
Зәҳәрли қара жылан оны
шағып өлтиреди.
17 Ағар суўлардың, сүт ҳәм пал
ағып турған дәрьялардың,
Рәҳәтин көре алмайды.
18 Мийнет пенен ерискенлерин
жемей атырып, қайтарып
береди,
Саўдадан тапқан пайдасынан
ләззет алмайды.
19 Себеби ол кәмбағалларды езип,
оларды көзге илмеди,
Өзи салмаған үйлерди тартып
алды.

20 Нәпсиқаўлығы тынышлық
бермегенликтен,
Өзи унататуғын нәрселердиң
ҳеш қайсысын сақлап қала
алмайды.
21 Ашкөзлигинен ҳеш нәрсе
қалдырмайды,
Сонлықтан абаданлығы узаққа
созылмайды.
22 Дәўлетли ўақтында басына апат
келеди,
Апатшылықлар оны жоқ қылады.
23 Қарнын қампайтып толтырып
болғанда,
Қудай оған лаўлаған ғәзебин
шашып,
Үстине ғәзебин жаўындай
жаўдырады.
24 Залым темир қуралдан қашып
кетсе де,

Оны қола оқ тесип өтеди.
25 Атылған оқ арқасынан шығады,
Өтин тесип өткен ушы
жылтырап турады,
Өлим қәўпи оны бийлеп алады.
26 Қара түнек оның ғәзийнелерин
күтпекте,
Адам жақпаған от оны
жалмайды,
Шатырында қалған соңғы
нәрселерин де жағып жоқ
қылады.
27 Аспан оның айыбын әшкара
етеди,
Жер оған қарсы бас көтереди.
28 Оның үйиндеги байлығы жоқ
болады,
Қудайдың қәҳәрленип,
жазалайтуғын күни
ҳәммеси селдей болып
ағып кетеди.
29 Мине, залымның Қудайдан
алатуғын пайы усы,
Қудайдың оған беретуғын
мийрасы усы.

### Аюптың жуўабы

**21** 1 Сонда Аюп былай деп жуўап берди:

2 – Сөзлеримди дыққат пенен
тыңлаң,
Усы сизлердиң маған берген
тәселлеңиз болсын.
3 Сабыр қылың, мен де сөйлейин,
Сөйлеп болғанымнан кейин
мазақ қыларсыз.

4 Маған келсек, мен не адамға
арыз қылып атырман ба?
Не ушын шыдамсызланбайын?
5 Жағдайыма қараңлар, денеңиз
түршигеди,
Аўзыңызды қолларыңыз бенен
жаўың.
6 Жағдайымды ойласам,
қорқыныш бийлеп алады,
Денемди қалтыратпа басады.
7 Залымлар не ушын жасаўын
даўам етеди,
Қартайып, ҳәтте, күш-ғайраты
арта береди?
8 Балалары саў-саламат
дөгерегинде,
Урпақлары көз алдында
жүреди.
9 Үйлери қәўип-қәтерден аўлақ
болады,
Қудайдың ҳасасы үстине дөнбес.
10 Буғаларының төл қойыўы ҳеш
босқа кетпес,
Сыйырлары бузаўлайды, ҳеш
иш тасламас.
11 Балаларын сүриў киби
шығарып жиберер,
Перзентлери аяқ ойынға түсер.
12 Дәп ҳәм лира[a] сестине қосылып,
қосық айтар,
Сыбызғы сестине қосылып,
кеўил көтерер.
13 Өмирлери заўқы-сапа менен
өтип,
Өлилер мәканына тынышлық
пенен кетер.
14 Сонда да залымлар Қудайға
былай деп айтар:
«Бизлерди тыныш қой!
Сениң жолларыңды билиўди
қәлемеймиз,
15 Саған хызмет ететуғындай
Қудирети күшли Қудай,
Сен ким болыпсаң?

---

a **21:12** *Лира* – бармақ пенен шертилетуғын тарлы саз әсбабы.

Саған дуўа етиўден бизге не
пайда?»
16 Деген менен, олардың
абаданлығы өз қолының
иси емес,
Залымлардың ой-қыяллары
меннен аўлақ болсын!

17 Қашан залымлардың шырағы
сөнген еди?
Қашан олардың басына апат
дөнген еди?
Қашан Қудай оларға
ғәзепленип, жазалаған еди?
18 Қашан олар жел ушырған
сабандай,
Ямаса даўыл ушырған
қаўықтай болған еди?
19 Сизлер: «Олардың гүналары
ушын балаларын
жазалайды», – дейсизлер,
Оннан да, Қудай олардың
өзлерин жазаласын,
Бул оларға сабақ болады.
20 Олар опат болғанларын өз
көзлери менен көрсин,
Қудирети күшли Қудайдың
ғәзебин татсын.
21 Өмири таўысылғаннан кейин,
Изинде қалған хожалығына не
болса да, оларға бәри бир
емес пе?

22 Бирақ, ең жоқарыдағыларды да
ҳүким ететуғын Қудайға,
Ким ақыл үйрете алады?
23 Биреў өлгенинше, күшке толысар,
Тыныш ҳәм қайғысыз жасар,
24 Денесин май басып,
Сүйеклери кемик болар.
25 Екиншиси қайғыға батып,
Өмирден жақсылық көрмей
өтип кетер.
26 Ақырында, олар топырақта
бирге жатар,
Екеўи де қуртқа жем болар.

27 Аўа, мен сизлердиң ойыңызды
билемен,
Нийетиңиз маған зыян
келтириў екенин де
билемен.
28 Сизлер: «Сол ақсүйек адамның
үйи қай жерде?
Залымлардың шатырлары қай
жерде?» – дейсизлер.
29 Жолаўшылардан сорамадыңыз
ба?
Олар берген гүўалықларды
қабылламадыңыз ба?
30 Залым адам бәле келген күни
аман қалады,
Ғәзеп күни оған қутылыў ушын
жол ашылады.
31 Жүрген жолын ким оның
бетине айтады,
Қылмыслары ушын ким оған
жаза береди?
32 Ол қәбирге қойылғанда,
Қәбириниң басында гүзетши
турады.
33 Ҳәмме адамлар оның изине
ереди,
Алдында жүргенлердиң де сан-
санағы жоқ.
Гөрдиң топырағы да оған
жағымлы болады.

34 Бос гәплериңиз бенен мени
қалай жубатасыз?
Берген жуўапларыңыздың
ҳәммеси жалған.

### Элифаздың үшинши сөзи

22 1 Сонда теманлы Элифаз
былай деди:

2 – Адам Қудайға пайда келтире
ала ма?
Ҳәтте, ең ақыллы адам да Оған
пайда келтире алар ма
еди?
3 Сениң әдиллигиңнен Қүдирети
күшли Қудай не ләззет
алады?
Пәк өмир тәризиңнен Оған не
пайда?
4 Қудайдың сени жазалаўы, ҳүким
етиўи,
Оннан қорққаның ушын ба?
5 Керисинше, сениң жаўызлығың
уллы,
Қылмысларың шексиз
болғанлықтан емес пе?
6 Сен туўысқанларыңнан жөнсиз
кепиллик алдың,
Кийимлерин шешип алып,
жалаңаш қалдырдың.
7 Шөллегенге суў бермедиң,
Аш болғанға нан бермедиң.
8 Билегиңниң күши менен үлкеге
ийелик еттиң,
Ҳүрметли адам болып жасадың.
9 Бирақ жесир ҳаялларды қуры
қол қайтардың,
Жетимлердиң қол-қанатын
қайырдың.
10 Сонлықтан әтирапыңды
дузақлар орап алған,
Тосаттан сени қорқыныш
баспақта.
11 Қараңғылық ишиндесең, көре
алмайсаң,
Селлер сени ғарқ қылмақта.

12 Қудай көклерден де жоқарыда
емес пе?
Жулдызларға қара, олар
қаншелли бийикте!
13 Бирақ сен: «Қудай не биледи?
Терең қараңғылық ишинен
ҳүким ете ала ма?
14 Қойыў бултлар Оны жасырып
тур, Ол бизлерди
көрмейди,
Ол аспан гүмбезинде айланып
жүр», – дейсең.
15 Сен не, залымлар жүрген,
Ески жолды тутпақшымысаң?
16 Олар ўақтынан бурын жоқ
қылынды,
Тийкарларын сел ағызып кетти.
17 Олар Қудайға: «Бизлерди
тыныш қой!
Қүдирети күшли Қудай
бизлерге не қыла алар
еди?» – деди.
18 Бирақ олардың үйлерин
берекетке толтырған Қудай
еди ғой!
Ал мен болсам, залымлардың
нийетинен аўлақ боламан.

19 Әдиллер олардың қулағанын
көрип, қуўанар,
Айыпсызлар олардың үстинен
күлип, былай дер:
20 «Душпанларымыз жоқ
қылынды,
Мал-мүлки жанып, күл болды».

21 Қудай менен жарас,
тынышлықта бол,
Сонда берекет табарсаң.
22 Қудайдың аўзынан шыққан
көрсетпелерин қабыл етип,
Сөзлерин жүрегиңде сақла.
23 Егер сен Қүдирети күшли
Қудайға қайта жүз бурсаң,
Ески ҳалыңа қайтарсаң.
Шатырыңды наҳақлықтан
тазаласаң,
24 Алтынды жердеги топырақтай,

Офир алтынын сайдағы
таслардай көрсең,
25 Онда Қудирети күшли Қудайдың
Өзи сениң алтының,
Қымбатбаҳа гүмисиң болады.
26 Сонда Қудирети күшли
Қудайдан заўық аларсаң,
Қудайға басыңды көтерип
қарай аларсаң.
27 Оған дуўа ет, Ол сени еситеди,
Сен де өзиң ўәде етип
атағанларыңды бересең.
28 Сонда нени нийет етсең,
орынланар,
Жолларыңа нур төгилер.
29 Егер биреў аяқ асты болса, сен:
«Оны қоллай гөр», – деп
айтасаң,
Сонда Қудай кемкеўиллилерди
қутқарады.
30 Ол, ҳәтте, айыплыларды да
қутқарады,
Олар сениң қолларыңның
пәклиги себепли
қутқарылар.

### Аюптың жуўабы

**23** 1 Сонда Аюп былай деп
жуўап берди:

2 – Бүгин де айтар шағымым
ашшы,
Зарлағаныма қарамастан,
Қудай аўыр жазалаўын
даўам етпекте.
3 Аҳ, егер Оны қай жерден
табыўды билсем еди!
Ол тахтта отырған жерге бара
алсам еди!
4 Арзымды Оның алдында баян
етип,
Аўзымды толтырып,
дәлиллеримди айтар едим.
5 Оның маған беретуғын жуўабын
билип,
Не айтажағын түсинер едим.
6 Ол уллы күши менен маған
қарсы шығар ма еди?
Яқ, Оның Өзи мени тыңлаған
болар еди.
7 Әдил адам Оның менен пикир
таласып билер еди,
Мен де Қазым тәрепинен
мәңгиге ақланар едим.

8 Бирақ шығысқа барсам, ол
жерде Қудай жоқ,
Батысқа барсам да, Оны таба
алмайман.
9 Арқада бир нәрсе ислесе, мен
Оны көре алмайман,
Қублаға айланса да, Оны
байқамайман.
10 Бирақ Қудай мен тутқан жолды
жақсы биледи,
Ол мени сынаққа салғанда,
алтындай пәк болып
шығаман.
11 Себеби аяқларым адымба-
адым Оның изинен жүрди,
Ҳеш жаққа бурылмай, Оның
жолын туттым.
12 Аўзынан шыққан
буйрықларынан жүз
бурмадым,
Оның сөзлерин күнделикли
тамағымнан да үстин
қойдым.

13 Қудай қарар шығарады, ким
Оған қарсы шыға алады?
Ол нени қәлесе, соны қылады.
14 Мен ушын шығарған қарарын
Ол ақырына шекем
орынлайды,
Бундай нәрселер Онда еле көп.

15 Сонлықтан Оның дәргайында
ҳүрейим ушады,
Бул ҳаққында ойласам, Оннан
қорқаман.
16 Қудай мени қоян жүрек қылып
қойды,
Қудирети күшли Қудай мени
қорқынышқа салып қойды.
17 Бирақ жүзимди қаплаған тас
түнек қараңғылық та,
Мениң даўысымды сөндире
алмады.

24 1 Не ушын Қудирети күшли
Қудай ҳүким ушын ўақыт
белгилемейди?
Не ушын Оны таныўғанлар
бул күнлерди ҳеш
көрмейди?
2 Залымлар шегара белгилерин
жылжытып,
Өзлестирип алған сүриўлерин
сол жайлаўларда бағады.
3 Жетимлердиң ешегин тартып
алады,
Жесирлердиң өгизин кепилликке
алады.
4 Жарлыларды жолдан қуўып
шығарады,
Үлкедеги барлық кәмбағаллар
болса, олардан
жасырыныўға мәжбүр
болады.
5 Сонлықтан кәмбағаллар
шөлдеги қуланлар сыяқлы,
ерте иске шығып,
Балалары ушын қула дүзден
аўқат излейди.
6 Олар азықларын басқалардың
атызларынан топлайды,
Залымлардың жүзим бағынан
қалған-қутқанларын терип
алады.
7 Түнди кийимсиз, жалаңаш
өткереди,
Суўықта жамылатуғын ҳеш
нәрсеси жоқ.
8 Таўда жаўған жаўыннан үсти-
басы сел болып,
Баспанасы болмағанлықтан,
жылыныў ушын
жартасларға тығылады.

9 Залымлар жетимди көкирек
сүтинен айырады,
Жарлының баласын қарызы
ушын тартып алады.
10 Олар кийимсиз, жалаңаш
сандалып жүреди,
Аш қарынға бийдай дәстелерин
тасыйды.
11 Дийўаллап қоршалған жерде
зәйтүннен май шығарады,
Искенжеде жүзим сығады,
бирақ өзлери шөлден
ҳарыған.
12 Қалаларда өлип баратырғанлар
нала шекпекте,
Жарақатланған жанлар жәрдем
сорап, пәрияд етпекте,
Бирақ, сонда да Қудай олардың
жалбарыныўларына кеўил
бөлмейди.

13 Нурға қарсы бас
көтеретуғынлар да бар,
Олар нурдың жолын танымас,
Оның соқпақларынан да жүрмес.
14 Жарлы ҳәм кәмбағалды өлтириў
ушын,
Қанхор күн батқанда аяққа
турар,
Түнде болса, урлық қылар.
15 Бузықшылық қылыўшының
көзи ымырт жабылыўын
күтер,

Ол: «Мени ҳеш ким
көрмейди», – деп ойлап,
Жүзин жаўып алар.
16 Қараңғылықта урылар үйлерди
тонап,
Ал күндизлери өз үйлерине
тығылып алар,
Олар нурдың не екенин билмес.
17 Олар ушын азан өлимдей
қойыў қараңғылық,
Ал түнектиң қорқынышлары –
олардың досты.

18 Бирақ ондай адамлар суў
бетиндеги көбиктей тез
жоқ болады,
Олардың жер бетиндеги
үлесине нәлет жаўған,
Ҳеш ким олардың жүзим
бағына аяқ баспас.
19 Ыссы ҳаўа ҳәм қурғақшылық қар
суўларын сорып алғандай,
Өлилер мәканы да гүнакарларды
өз қушағына алады.
20 Оларды, ҳәтте, қурсағына
көтерген ана да умытады,
Қуртлар оларды ҳәз етип
жейди,
Оларды енди ҳеш ким еслемейди,
Солай етип, наҳақ адамлар
ағаш киби сындырылады.
21 Залымлар перзенти жоқ,
қақсал ҳаялға зулымлық
қылар,
Жесирге ҳеш жақсылық қылмас.
22 Бирақ Қудай Өз күши менен
күшлилерди жоқ қылар,
Олар беккем орналасып алса да,
өмири ушын үмити болмас.
23 Қудай оларға қәўипсизлик берер,
олар Оған сүйенер,
Бирақ Қудайдың көзлери
олардың жолларында.
24 Олар бир демге көтерилип,
кейин жоқ болар,
Төменлетилер, басқалар киби
өлип кетер,
Масақ сыяқлы қуўрап қалар.

25 Солай емес пе? Жалған деп, ким
мени айыплай алады?
Ким мениң гәплеримниң бос
екенин көрсете алады?

### Билдадтың үшинши сөзи

**25** 1 Сонда шуўахлы Билдад
былай деди:

2 – Қудайда бийлик бар ҳәм Ол
айбатлы!
Ол Өзиниң бийик аспанында
тынышлық орнатқан.
3 Оның ләшкерлерин санаўға сан
жете ме?
Ол жақтылығын кимниң үстине
түсирмейди?
4 Сонда инсан Қудайдың алдында
қалай әдил бола алады?
Ҳаял затынан туўылған қалай
пәк бола алады?
5 Ҳәтте, Қудайдың нәзеринде ай
да жарық емес,
Жулдызлар да пәк емес.
6 Солай екен, инсан Қудайдың
көзине қурт сыяқлы,
Адам баласы күйе қурты
сыяқлы көринер.

### Аюптың жуўабы

**26** 1 Сонда Аюп былай деп
жуўап берди:

2 – Аҳ, ҳәлсизге сен қалай жәрдем
бердиң!
Күшсизге қалай мәдет
бердиң!

3 Ақылсызға қалай мәсләҳәт
бердиң!
Даналықты қалай терең
түсиндире алдың!
4 Бул сөзлерди айтыўға саған ким
жәрдем берди?
Сен арқалы сөйлеген кимниң
руўхы?

5 Суўлардың ҳәм олардағы
тиришиликтиң астында
мәкан басқан,
Өлилердиң руўхлары
титирейди.
6 Өлилер мәканы Қудайдың
алдында жалаңаш,
Набыт болыў мәканының да
жапқышы жоқ.
7 Қудай көклердиң арқа тәрепин
бослыққа жайып қойды,
Жерди де бослыққа асып
қойды.
8 Ол суўларды Өз бултларының
ишине салып қойды,
Бирақ бултлар суўлардың
аўырлығынан жыртылып
кетпейди.
9 Ол тахттың үстин жаўып қойып,
Үстине Өз бултларын жайды.
10 Суўлардың бетин шегаралап
сызып,
Жақтылықты қараңғылықтан
айырды.
11 Қудай абай еткенде,
Аспанның сүтинлери
қалтырасып, титиреседи.
12 Ол Өз күши менен теңизди
тынышландырды,
Өз ақылы менен теңиз
айдарҳасы Раҳабты жоқ
қылды.
13 Өз деми менен бултларды қуўып,
аспанды ашық қылды,
Қоллары менен қашып
баратырған үлкен
жыланды жоқ қылды.
14 Бул Оның ислериниң кишкене
бир бөлеги ғана,
Ол ҳаққында еситкенлеримиз
сыбырлап айтылғандай
жүдә аз.
Оның қүдиретиниң гүркиреўин
ким түсине алады?

# 27

1 Аюп сөзин даўам етип,
былай деди:

2 – Ҳуқықымнан маҳрум еткен
тири Қудай ҳақы,
Жанымды ҳәсиретке толтырған
Қүдирети күшли Қудай
ҳақы ант ишемен:
3 Геўдемде жаным бар екен,
Қудай берген дем мурнымда екен,
4 Аўзымнан наҳақ сөз шықпайды,
Тилим жалған сөз айтпайды.
5 Сизлерди ҳеш қашан ҳақ деп тән
алмайман,
Өлгенимше, пәклигимнен бас
тартпайман.
6 Әдиллигимде беккем турып,
оннан ҳасла жүз бурмайман,
Тири екенмен, ҳүжданым мени
айыпламас.

7 Душпанымның басына
залымның күни,
Қарсыласымның басына
наҳақтың күни түссин.
8 Қудай қудайсыздың жанын
алып, оны жоқ қылғанда,
Онда қандай үмит қалады?
9 Қудайсыздың басына
апатшылық түскенде,
Қудай оның дад салып
жылағанын есите ме?

10 Ол қүдирети күшли Қудайдан
заўық ала ма?
Бәрқулла Қудайды шақыра ала ма?
11 Қудайдың қүдирети ҳаққында
сизлерге үйретемен,
Қүдирети күшли Қудайдың
нийетин сизлерден
жасырмайман.
12 Ҳаслында, булардың ҳәммесин
өзлериңиз көрдиңиз,
Онда неге ҳәммеңиз мәниссиз
сөзлерди сөйлей бересиз?

13 Залым адамның Қудайдан
алатуғын үлеси,
Қысым көрсетиўшиниң
Қүдирети күшли Қудайдан
алатуғын мийрасы мынаў:
14 Оның балалары қаншелли көп
болса да,
Олар қылыштан қырылып
кетеди,
Урпақларының жеткиликли
тамағы болмайды.
15 Тири қалғанлары кеселликтен
өлип, көмиледи,
Жесир қалған ҳаяллары жоқлаў
айтып, жыламайды.
16 Жаўыз адам жердиң шаңындай
мол гүмис жыйнаса да,
Ылайдай мол кийим-кеншек
топласа да,
17 Оның топлағанларын әдиллер
кийеди,
Айыпсызлар гүмислерди
бөлисип алады.
18 Жаўыздың салған үйи
өрмекшиниң аўындай,
Қараўылдың шертегиндей
ҳәлсиз болады.
19 Ол бай болып, уйқыға кетеди,
бирақ артық ондай
болмайды.
Көзин ашқанда, байлығы жоқ
болып шығады.
20 Қорқыныш оны сел киби
басады,
Түнде дүбелей ушырып кетеди.
21 Шығыс самалы оны ушырып
алып кетип,
Ол көзден ғайып болады.
Оны өз орнынан сыпырып
таслайды.
22 Самал аяўсыз оған тасланар,
Ол самалдың күшинен қашыўға
урынады.
23 Самал оның үстинен күлип,
қолларын шаппатлап,
Өз орнынан оның изинен
ысқырады.

### Даналық ҳаққында жыр

**28** 1 Мине, гүмис қазып
алынатуғын кәнлер,
Алтынды тазартатуғын
орынлар бар.
2 Темир жерден қазып алынады,
Мыс та тастан балқытып
алынады.
3 Кәнши қараңғылыққа шек
қояды,
Жер астының узақ шетине
барып,
Түнек ҳәм қойыў қараңғылықтан
қазылма излейди.
4 Ол адам жасайтуғын жерлерден
узақта,
Адам аяқ баспайтуғын
жерлерде қудық қазып,
Ҳәммеден узақта жипке
асылып, тербелип турады.
5 Жер бетине келсек, оннан азық-
аўқат өнип шығады,
Ал жер асты болса,
жандырылғандай астан-
кестен болып атыр.

6 Оның таслары лазуриттиң
мәканы,
Топырағында алтын бар.
7 Жыртқыш қус кәнге баратуғын
жолларды билмейди,
Суңқардың көзи оған түспейди.
8 Жабайы ҳайўанлар ол жерлерге
аяқ баспаған,
Арыслан да ол жерлерден
жүрмеген.
9 Адам жартасларды сындырып,
Таўларды түп-тамыры менен
қопарып таслайды.
10 Ол жартаслар арасынан жол
ашады,
Көзлери ҳәр бир баҳалы
нәрсени көреди,
11 Адам дәрьялардың сағасын
табады*,
Жасырын болғанларды
жақтылыққа шығарады.

12 Бирақ даналықты қаяқтан
табыўға болады?
Ақылдың мәканы қай жерде
екен?
13 Адамзат оның қәдирин билмес,
Тирилер әлеминен оны таба
алмас.
14 Терең суўлар: «Ол менде емес», –
дер,
Теңиз де: «Ол мениң жанымда
да емес», – дер.
15 Оны сап алтынға да сатып ала
алмайсаң,
Қунын гүмис пенен де төлей
алмайсаң.
16 Даналық Офир алтыны менен
де,
Қымбатбаҳа оникс ҳәм лазурит
пенен де баҳаланбас.
17 Ол алтын менен де, кристалл
менен де салыстырылмас,
Сап алтын буйымға да
алмастырылмас.
18 Маржан ҳәм яшманы айтпай-ақ
қояйық,
Даналық яқыттан да қымбат
турады.
19 Хабаштан хризолити де оған
салыстырылмас,
Сап алтын менен де оның қуны
өлшенбес.

20 Даналық қайдан келеди?
Ақылдың мәканы қай жерде
екен?
21 Ол барлық тири жанлардың
көзинен жасырылған,
Көктеги қуслардан да сыр
сақланған.
22 Набыт болыў мәканы ҳәм өлим:
«Биз ол ҳаққында тек мыш-
мыш еситтик», – дейди.

23 Даналыққа баратуғын жол
Қудайға аян,
Оның мәканын тек Ол биледи.
24 Ол жердиң шетлерине дейин көз
салады,
Көклердиң астындағылардың
ҳәммесин көреди.
25 Ол самалға күш берип,
Суўлардың өлшемин белгилеп
бергенде,
26 Ол жаўын ушын қарар шығарып,
Жылдырым ушын жол
белгилегенде,
27 Ол даналықты көрип, оны
баҳалады,
Оны тексерип, тастыйықлады.
28 Соңынан адамға:
«Ҳақыйқаттан да, Ийеден
қорқыў – бул даналық,
Жаўызлықтан аўлақ болыў –
бул ақыллылық», – деди.

## Аюптың өткен өмирин аңсаўы

29 1 Аюп сөзин даўам етип
былай деди:

2 – Қәне енди, өткен айлар,
Қудай мени қорғап-сақлаған
күнлер қайтып келсе еди!
3 Сол ўақытлары Оның шырасы
төбемде жарқырап,
Оның нуры менен
қараңғылықты қәўипсиз
кесип өтер едим!
4 Аўа, өнип-өскен күнлерим,
Қудайдың дослығы
шатырымды қорғап турған
күнлер қайтып келсе еди!
5 Сол күнлери Қүдирети күшли
Қудай еле мениң менен
бирге болып,
Балаларым да әтирапымда еди.
6 Үйимде ағарғаным мол болып,
Жартас мен ушын зәйтүн
майын дәрья қылып
ағызар еди.

7 Қала дәрўазасы алдына барып,
Майдандағы орныма
отырмақшы болғанымда,
8 Жаслар мени көрип жол берер,
Жасы үлкенлер де орнынан
турар еди.
9 Басшылар да сөйлеўин
тоқтатып,
Қоллары менен аўызларын
басар еди.
10 Ақсүйеклердиң де даўысы сөнип,
Тиллери таңлайына жабысып
қалар еди.
11 Мени тыңлағанлар маған
рахмет айтар еди,
Мени көргенлер мени мақтар
еди.
12 Мен нала шеккен жарлыны да,
Жәрдемге мүтәж жетимди де
қутқарар едим.
13 Өлим төсегинде жатырғанлар
маған пәтиясын берер еди,
Жесир ҳаяллардың жүреги де
мен берген жәрдемнен
қуўанышқа толар еди.
14 Әдилликти кийим киби кийип
алдым,
Әдалатлық шапаным ҳәм
сәллемдей еди.
15 Соқырға көз,
Майыпқа аяқ болдым.
16 Жарлыларға әкелик қылдым,
Өзим танымаған адамның
даўын да әдиллик пенен
шешип бердим.
17 Наҳақлардың жақларын
сындырып,
Олжасын аўзынан тартып алар
едим.

18 Сонлықтан мен былай ойлар
едим: «Күнлерим қум киби
көп болады,
Мен өз ошағымның басында
жан беремен,
19 Мен тамыры суўға тийип турған,
Шақаларына түн бойы шық
түсип туратуғын терек
яңлыман.
20 Атақ-абырайым өсе береди,
Қолымдағы оқ жай жаңалана
береди».

21 Адамлар маған сабырлылық
пенен қулақ салып,
Кеңеслеримди үнсиз тыңлар еди.
22 Мениң сөзлеримнен кейин ҳеш
ким гәп қоспас еди,
Сөзлерим оларға майдай жағар
еди.

23 Олар мени жаўынды күткендей
күтер еди,
Сөзлеримди бәҳәрдеги
жаўынды симирген жер
сыяқлы симирер еди.
24 Оларға күлип қарасам,
көзлерине исенбес еди,
Жүзимдеги нурдан олар
жигерленер еди.
25 Оларға бас болып, жол көрсетип
отырар едим,
Ләшкерлери арасындағы патша
сыяқлы,
Жылағанларды жубататуғын
адам болып жасадым.

## Аюптың өзиниң хорланып атырғаны ҳаққында айтыўы

**30** 1 Мине енди, өзимнен
жасы киши болғанлар үс-
тимнен күлип отыр.
Олардың әкелерин сүриўимди
қорыйтуғын ийтлердиң
жанына қойыўға да
ылайық көрмес едим.
2 Олардың қолларындағы күштен
маған не пайда?
Олар күш-қуўаттан айырылған.
3 Жоқшылық пенен ашлықтан
қурыған,
Олар түнде шөлде ҳәм елсиз
жерлерде шөп тамырын
кемиреди.
4 Путалардың түбинен ашшы
шөплер тереди,
Теректиң тамыры – олардың
аўқаты.
5 Олар халық арасынан қуўып
жиберилген,
Урыларға бақырғандай,
олардың изинен бақырады.
6 Олар сайлардың жыраларында,
Жердеги шуқырларда ҳәм
жартаслардағы үңгирлерде
жасаўға мәжбүр.
7 Олар путалар арасында улысып,
Шатлы путалар астында
топланады.
8 Олар ақмақ, ата теги белгисиз
адамлардың уллары,
Оларды елден қамшылап қуўып
шыққан.

9 Енди болса, мен олардың
балаларының қосығына
айландым,
Олар ушын күлки болдым.
10 Олар меннен тиксинип, жаныма
жоламайды,
Бетиме түкириўден де
тартынбайды.
11 Қудай мениң оқ жайымның
жибин босатып жиберип,
Мени жерге урғаны ушын,
Олар мениң алдымда өзлерин
жылаўлай алмайтуғын
болды.
12 Бул гәззаплар мениң оң
қапталымнан ҳүжим
қылып,
Аяқларымнан шалып,
Өзлериниң набыт қылатуғын
жолын маған қарсы
таярлайды.
13 Олар жолымды тосып,
Басыма түсетуғын
апатшылықты тезлетеди,
Оларды тоқтататуғын ҳеш ким
жоқ.
14 Олар омырылған үлкен тесиктен
жапырылып кирип,
Топан суўындай үстиме
бастырады.
15 Мени қорқыныш басқан,
Абырайым самалға
суўырылғандай ушып кетти,

Дәўлетим де булт киби өтип
кетти.

16 Енди жаным мени тәрк етпекте,
Қайғылы күнлер мени қоршап
алды.
17 Түни менен сүйеклерим
сырқырап,
Азары тынымсыз жанымды
жейди.
18 Қудай қәҳәр менен кийимимнен
услап,
Шапанымның жағасы сыяқлы
мени қылқындырады.
19 Қудай мени ылайға ылақтырды,
Мен шаң ҳәм күлге айландым.

20 Қудай, Саған жалбарынаман,
маған жуўап бермейсең,
Аяққа турсам, маған тек қарап
турасаң.
21 Маған реҳимсиз болып кеттиң,
Өз күш-қуўатың менен мени
қуўғын қылып атырсаң.
22 Қуйын менен мени көтерип
алып, ылақтырып,
Даўылдың ишинде анда-мында
зыңғытасаң.
23 Аўа, мени өлимге,
Барлық тири жан ушын
тайынланған үйге алып
баражағыңды билемен.

24 Азап шегип, жәрдем сорап,
пәрияд еткенге,
Ҳеш ким қарсы қол көтермес!
25 Күни аўыр болғанлар ушын мен
жыламадым ба?
Жарлылар ушын жаным
ашымады ма?
26 Бирақ мен жақсылықтан
үмит қылсам, жаманлық
келди,
Жақтылықты күтсем, түнек
келди.
27 Жүрегим астан-кестен, тыным
билмейди,
Басыма қайғылы күнлер түскен.
28 Қарайып кеттим, бирақ қуяштан
емес,
Жыйын арасында турып,
жәрдем сорап, пәрияд
етемен.
29 Мен сағаллардың туўысқаны,
Үкилердиң жолдасы болдым.
30 Терим қарайып, түлеп түспекте,
Сүйеклерим ыссылықтан
күймекте.
31 Лирамның даўысы жоқлаў
айтқанлардың,
Сыбызғымның даўысы
жылағанлардың даўысына
айланды.

### Аюптың соңғы рет өз айыпсызлығын айтыўы

31 1 Қызларға қумарланып
қарамаў ушын,
Көзлерим менен келисим
дүздим.
2 Аспандағы Қудайдан алатуғын
пайым не болады?
Жоқарыдағы Қудирети күшли
Қудайдан берилген
мийрасым не болады?
3 Ол әдалатсызлардың басына
апат,
Жаўызлық қылғанлардың
басына бәле жаўдырмай ма?
4 Ол мениң жолларымды көрип,
Ҳәр бир адымымды санамай ма?

5 Егер мен жалған жолдан жүрип,
Аяғым ҳийлеге асықса,
6 Қудай мени туўры тәрезиге
тартсын,

Ҳәм Ол мениң пәклигимди
билсин.
7 Егер аяқларым туўры жолдан
тайған,
Жүрегим көзлериме бойсынған,
Ямаса қолларым ҳарамланған
болса,
8 Онда еккен егинимниң өнимин
басқалар жесин,
Егинлерим тамыры менен
суўырылып қалсын.

9 Егер бир ҳаял арқалы жүрегим
азғырылса,
Қоңсымның қапысы алдында
оның ҳаялын аңлыған
болсам,
10 Онда мениң ҳаялым басқаның
бийдайын тартсын,
Басқа еркеклер оның менен
жатсын.
11 Ақыры, бул уятсыз ис,
Ҳүким қылынатуғын гүна.
12 Сондай servislер набыт болыў
мәканына дейин
жандырып баратуғын от
болып,
Пүткил егинимди тамыры менен
күйдирип жиберер еди.

13 Егер қул ҳәм шорыларым маған
арыз қылғанда,
Мен оларға әдалатсызлық
қылған болсам,
14 Онда Қудай орнынан турғанда,
мен не қыламан?
Ол есап сорағанда, Оған не деп
жуўап беремен?
15 Мени анамның қурсағында
жаратқан, оларды да
жаратпады ма?
Бизлерге қурсақта пишим
берген бир Қудай емес пе?
16 Егер мен жарлылардың тилегин
орынламаған,
Жесирлердиң үмитин пушқа
шығарған болсам,
17 Ямаса нанымды бир өзим жеп,
Жетимлер менен бөлиспеген
болсам,
18 Жаслығымнан жетимлерге
әкелик қылып келдим,
Өмир бойы жесирлерге
ғамхорлық қылдым.
19 Егер кийими болмағаны ушын
жан берип атырғанды,
Ямаса жамылатуғын нәрсесиз
қалған жарлыны көрип,
20 Оларға қойларымның жүнинен
кийим кийгизбеген болсам,
Олар да жүректен маған алғыс
айтпаған болса,
21 Қазыханада сөзимниң
өтетуғынына көзим жетип,
Жетимге қол көтерген болсам,
22 Онда қолларым ийнимнен
жулынып түсип,
Буўынларынан бөлинип
қалсын.
23 Мен Қудайдан келетуғын
апаттан қорқатуғын едим,
Қудайдың уллылығын биле
тура, ондай ис қыла алмас
едим.

24 Егер алтынға үмит байлаған
болсам,
Ямаса сап алтынға: «Сен –
мениң үмитимсең», – деген
болсам,
25 Байлығымның моллығына,
Көп нәрсеге қол жеткизгениме
мақтанған болсам,
26 Жарқырап турған қуяшқа қарап,
Жымыңлаған айдың жүргенине
қарап,

27 Жүрегим жасырын азғырылып,
Қолларымды сүйип, оларға
қарай жайып табынған
болсам,
28 Бул да ҳүкимге ылайықлы гүна
болар еди.
Себеби мен көктеги Қудайға
опасызлық қылған болар
едим.

29 Егер душпанымның
жығылғанын көрип,
сүйинген,
Апатшылыққа дуўшар
болғанын көрип, қуўанған
болсам,
30 Оларды ғарғаў арқалы,
Аўзыма гүна ислеўге жол
қоймадым.
31 Егер шатырымдағылар: «Аюп
берген гөштен жеп,
Қарнын тойғызбаған бар ма?» –
деп сорамаған болса,
32 Ҳеш бир жолаўшы көшеде
түнемес еди,
Қапым олар ушын бәрқулла
ашық еди.
33 Егер басқаларға уқсап,
қылмысымды жасырған,
Айыпларымды сыр сақлаған
болсам,
34 Онда мен аламаннан қорққаным
ушын,
Урыўласларымның
қыйнаўынан қорққаным
ушын,
Үндемей, қапыдан сыртқа
шықпаған болар едим.

35 Қәне, мени тыңлайтуғын биреў
болса еди!
Мине, мен айтқанларымды
тастыйықлап, мөрледим.
Қүдирети күшли Қудай маған
жуўап берсин!
Қәне енди, душпаным
айыплаўын жазып, қолыма
берсе еди!
36 Сөзсиз, оны ийнимде көтерип,
Басыма таждай етип, кийип
жүрер едим!
37 Мен Қудайға атқан хәр бир
адымымның есабын берер
едим,
Ханзада киби Оған жақынласар
едим.

38 Жерим маған қарсы пәрияд
еткен болса,
Оның қарықлары да бирге нала
қылған болса,
39 Пулын төлемей зүрәәтин алған
болсам,
Оның ийелериниң өлимине
себепши болған болсам,
40 Онда бийдай орнына тикен,
Арпа орнына жабайы шөплер
өсип шықсын.

Солай етип, Аюптың сөзи ақы-
рына жетти.

### Элиҳудың биринши сөзи

32 1 Аюп өз нәзеринде ҳақ
болғанлықтан, үш досты-
сы оның менен тартысыўды тоқ-
татты. 2 Бирақ Аюп өзин ақлап,
Қудайды айыплағаны ушын, Рам
әўладынан, Буз тийресинен бол-
ған Барахел улы Элиҳудың Аюпқа
ашыўы келди. 3 Сондай-ақ, Аюп-
ты айыплағаны менен, оған жөн-
ли жуўап қайтара алмағаны ушын,
оның үш достысына да ашыўы
келди. 4 Элиҳу Аюп пенен сөйле-
сиў ушын өзиниң гезегин күтти.

Өйткени басқалардың жасы он-
нан үлкенирек еди. 5 Бирақ сол үш
адамның басқа гәпи жоқлығын
көргенде, Элиҳу ашыўға минди.
6 Солай етип, Буз тийресинен
болған Барахел улы Элиҳу сөзин
баслап, былай деди:

– Мениң жасым киши,
сизлер болсаңыз жасы үлкенсизлер,
Сонлықтан батына алмадым,
өз билгенимди сизлерге айтыўға қорқтым.
7 Жасы үлкенлер сөйлесин,
Көп жасағанлар даналықтан сабақ берсин, дедим.
8 Бирақ адамға ишиндеги руўх,
Қудирети күшли Қудайдың деми ақыл береди.
9 Сонлықтан тек жасы үлкенлер дана болмайды,
Тек көп жасағанлар ғана нениң дурыс екенин түсине бермейди.

10 Сонлықтан былай деймен:
Мени тыңлаң, мен де өз билгенимди баян етейин.
11 Сизлер сөйлегениңизде, мен күттим,
Сизлер не айтыўды излеп атырғаныңызда,
Ақыллы сөзлериңизге қулақ түрдим.
12 Сизлерди бар дыққатым менен тыңладым.
Бирақ ҳеш бириңиз Аюптың наҳақлығын дәлиллей алмадыңыз,
Ҳеш бириңиз оның сөзлерине жуўап бермедиңиз.
13 «Бизлер дана жолды таптық:
Аюпты адам емес, ал Қудайдың Өзи жеңсин», – демеңлер.
14 Аюп маған қарата сөйлемеди,
Егер сөйлегенде де, оған сизлердиң сөзлериңиз бенен жуўап бермеген болар едим.

15 Сизлер иренжип, сөз таппай отырсызлар,
Айтатуғын сөзиңиз де қалмады.
16 Сизлер үндемей, жуўап бермей тура берсеңиз,
Мен де күтип тура бериўим керек пе?
17 Мениң де айтар сөзим бар,
Мен де өз билгенимди баян етпекшимен.
18 Ишим сөзлерге толған,
Ишимдеги руўх мени зорламақта.
19 Жүрегим ашылмаған шарап киби,
Жаңа шарап қуйылған мес киби, жарылып кетейин деп тур.
20 Сөйлейин, жаным жай тапсын,
Аўыз ашып, жуўап берейин.
21 Мен ҳеш кимниң бет-жүзине қарамайман,
Ҳеш кимге жағымпазлық қылмайман.
22 Мен жағымпазлық қылыўды билмеймен,
Болмаса, Жаратыўшым мени дәрриў жоқ қылған болар еди.

## 33

1 Енди Аюп, айтажағымды тыңлап,
Барлық сөзлериме қулақ салың!
2 Мине, аўзымды аштым,

Сөзлерим тилимниң ушында
дизилип тур.
3 Сөзлерим пәк жүрегимнен
шығады,
Тилим билгенин ашық айтады.
4 Қудайдың Руўхы мени жаратты,
Қүдирети күшли Қудайдың
деми маған өмир берди.
5 Қолыңыздан келсе, маған жуўап
бериң,
Алдымда турып, дәлиллер
келтириң.
6 Қудайдың алдында мен де
сиздеймен,
Мен де ылай бөлегинен
жасалғанман.
7 Сонлықтан меннен
қорқпасаңыз да болады,
Қысқыға алыўым сизге аўыр
батпасын.

8 Гәплериңизди өз қулақларым
менен еситтим,
Олар еле қулақларымда жаңлап
тур.
9 Сиз былай дедиңиз: «Мен
пәкпен ҳәм гүнасызбан,
Минсиз ҳәм айыпсызбан.
10 Сонда да, Қудай маған қарсы
себеп излеп атыр,
Мени Өз душпаны деп санамақта.
11 Ол аяқларыма буғаў салып,
Жолларымды гүзетпекте».

12 Бирақ сизге айтайын: бул жерде
сиз наҳақсыз,
Қудай адамзаттан уллы.
13 «Ҳеш бир сөзиме жуўап
бермеди», – деп турып,
Неге Оның менен тартысып
атырсыз?
14 Қудай ҳәр қыйлы жол менен
сөйлейди,
Ал буны адамлар аңламайды да.
15 Адамлар терең уйқыға
шүмгенде,
Төсеклеринде қалғып кеткенде,
Түслеринде, көрген
аянларында,
16 Қудай олардың қулақларын
ашып,
Ескертиўлери менен оларды
қорқытады.
17 Усылайынша, Ол адамды
жаман ислеринен
қайтарады,
Менменликтен сақлайды.
18 Жанын қәбирден,
Өмирин қылыштан қутқарады.
19 Ямаса адам төсек тартып
жатқарылып,
Сүйеклери тынымсыз
сырқыраў менен
жазаланады.
20 Сонда ол нанға да қарай
алмайтуғын болып қалады,
Ҳәтте, ең мазалы тағамларға да
иштейи болмайды.
21 Азып-тозып, тек сүлдери
қалады,
Көринбеген сүйеклери енди
анық көзге тасланады.
22 Оның жаны қәбирге,
Өмири жан алыўшы
периштелерге
жақынласады.

23 Ал егер мың периштениң
ишинде адамды
жақлайтуғын,
Оған өзи ушын нениң туўры
екенин билдиретуғын бир
периште бар болса,
24 Оның мийрими түсип: «Оны
қәбирге түсиўден аман
сақлап қала гөр!

Мен оның қунын өтейтуғын
төлем таптым», – десе,
25 Сонда адамның денеси жас
баланикиндей болып,
Оның жаслық шағы қайтып
келеди.
26 Соңынан адам Қудайға дуўа
етеди ҳәм Қудай оны
қабыл етеди.
Ол қуўаныш пенен Қудайдың
дәргайына келеди,
Қудай оның әдиллигин
тиклейди.
27 Сонда адам адамлар алдында
қосық айтып, былай дейди:
«Мен гүна ислеп, ҳақыйқатты
бурмаладым,
Бирақ оның жазасын
тартпадым.
28 Ол жанымды қәбирден
қутқарды,
Мен жақты дүньяны көрип
турман».

29 Мине, Қудай бул нәрселердиң
ҳәммесин,
Еки емес, үш емес, қайта-қайта
тәкирарлайды.
30 Буны адамның жанын қәбирден
қайтарыў,
Оған өмирдиң нурын көрсетиў
ушын солай ислейди.

31 Дыққат қылың, Аюп, мени
тыңлаң,
Үндемең, мен сөйлейин.
32 Егер айтатуғын гәпиңиз болса,
айтың,
Мен сизиң ақланыўыңызды
қәлеймен.
33 Егер болмаса, онда мени тыңлаң,
Үндемең, мен сизге даналықты
үйретейин.

**Элиҳудың екинши сөзи**

**34** 1 Элиҳу сөзин даўам етип,
былай деди:

2 – Сөзлеримди тыңлаң, ҳәй
данышпанлар!
Маған қулақ салың, ҳәй
билимпазлар!
3 Аўыздың аўқаттың дәмин
ажыратқанындай,
Қулақ та сөзлердиң мәнисин
айырады.
4 Келиңлер, дурыс нәрсени
таңлап,
Жақсы нәрсени биргеликте
анықлап алайық.

5 Мине, Аюп: «Мен айыпсызбан,
Бирақ Қудай мени ҳуқықымнан
маҳрум етти.
6 Меники дурыс болса да,
жалғаншы саналдым,
Мен жазықсыз болсам да,
дәртиме ем жоқ», – деди.
7 Аюпқа уқсаған адам бар ма?
Ол ушын мазақ қылыў суў
ишкендей нәрсе!
8 Ол жаманлық ислеўшилер
менен дос тутынып,
Жаўызлар менен жүреди.
9 Ол былай дейди: «Қудайға
унайтуғын ислерди ислеў,
Адамға ҳеш қандай пайда
келтирмейди».

10 Ҳәй, саналы адамлар, мени
тыңлаңлар!
Қудай жаўызлық ислеўден аўлақ,
Қудирети күшли Қудай
наҳақлық ислеўден аўлақ!
11 Ол адамның исине сай төлем
төлейди,

Жүрген жолына сай қайтарады.
12 Ҳақыйқаттан да, Қудай
жаманлық қылмайды,
Қүдирети күшли Қудай
әдилликти бурмаламайды.
13 Жер үстинен ҳүкимдарлық
қылыўды Оған ким берди?
Ким Оны пүткил дүньяға
ҳүкимдар қылып қойды?
14 Егер Қудай Өз руўхын,
Демин қайтарып алыўды қарар
қылса,
15 Пүткил тири жанлар бирге
набыт болар,
Адамзат және топыраққа
қайтқан болар еди.

16 Ақылыңыз болса, мынаны тыңлаң,
Сөзлериме қулақ салың.
17 Әдалатты жек көретуғын адам
ҳүкимдар бола ала ма?
Әдил ҳәм қүдиретли Қудайды
айыпламақшымысыз?
18 Ол патшаға: «Сен жарамассаң», –
деп,
Ақсүйеклерге: «Сизлер
залымсызлар», – дейди.
19 Ол басшыларға
жарамсақланбайды,
Байды жарлыдан артық
көрмейди.
Олардың ҳәммесин Өз қоллары
менен жаратқан.
20 Олар түн ортасында көзди
ашып-жумғанша өлип
кетеди,
Қалтыратпа тийеди де, жан
береди.
Күшлилер де адам қолы
тиймей-ақ, жоқ қылынады.

21 Қудайдың көзлери адамның
жолын гүзетип турады,
Ол адам басқан ҳәр бир
адымды көреди.
22 Жаўызлық ислеўшилер
жасырыныў ушын,
Қараңғылық та, түнек те жоқ.
23 Ҳәр қандай адамды ҳүким
қылыў ушын,
Қудай ўақыт белгилеўи шәрт
емес.
24 Ол тексермей-ақ, күшлилерди
майдалап таслайды,
Олардың орнына басқаларды
қояды.
25 Қудай олардың ислерин биледи,
Сонлықтан түнде оларды
аўдарып таслайды, олар
жоқ болады.
26 Оларды залымлығы ушын,
Ҳәмменің көз алдында
жазалайды.
27 Олар Қудайдың изине ермеди,
Оның жолларын итибарға
алмады.
28 Олар себепли жарлылардың
наласы Оған жетип келди,
Ол азап шеккенлердиң
пәриядын еситти.
29 Егер Қудай үндемесе, ким Оны
айыплай алады?
Егер Ол жүзин жасырса, ким
Оны көре алады?
Қудай ҳәр бир миллет ушын
да, ҳәр бир адам ушын да
бирдей.
30 Ол, қудайсызлардың
ҳүкимдарлық қылып,
Халыққа дузақ қурыўынан
сақлайды.

31 Қудайға: «Мен жазамды
алдым,
Енди жаманлық қылмайман.
32 Көрмегенимди маған үйрет,

Наҳақлық қылған болсам,
енди ислемеймен», –
дейтуғыныңыз бар ма?
33 Сөзлеримнен жүз бурғаныңыз
ушын,
Қудай сизди сыйлықлаўы керек
пе?
Мен емес, сиз таңлаўыңыз керек,
Не билесиз, айтың.
34 Саналы адамлар,
Мени тыңлап турған даналар
маған:
35 «Аюп билмегенликтен, солай
сөйлеп тур,
Оның гәплериниң мәниси
жоқ», – дейди.
36 Жаўыз адам сыяқлы сөйлегени
ушын,
Аюп, сиз ақырына дейин
сыналсаңыз еди!
37 Сиз гүнаңызға қозғаланды да
қостыңыз,
Арамызда қол шаппатлап,
Қудайға қарсы гәпти
балалаттыңыз.

### Элиҳудың үшинши сөзи

35 1 Элиҳу сөзин былай даўам
етти:

2 – Аюп, сиз: «Қудайдың алдында
ҳақпан», – дейсиз.
Усы дурыс деп ойлайсыз ба?
3 Және де: «Менде қандай
артықмашлық бар?
Гүна ислемеў арқалы мен неге
еристим?» – деп сорайсыз.
4 Мен сизге ҳәм досларыңызға
жуўап беремен.

5 Көклерге көз жиберип, қараңлар,
Бултларға көз жибериң, олар
сизлерден бийик.
6 Егер гүна ислесеңиз, буннан
Қудайға қандай зыян
келеди?
Егер қылмысыңыз көбейсе,
Оған қандай тәсири бар?
7 Егер әдил болсаңыз, буннан
Қудайға не пайда?
Ямаса Ол сизлердиң
қолыңыздан не алады?
8 Жаўызлығыңыз өзлериңизге
уқсаған адамларға зыян
келтиреди.
Ал әдиллигиңиз болса, тек адам
баласы ушын тәсир етеди.

9 Езиўшиликтиң ҳәдден тыс
көплигинен адамлар
пәрияд етеди,
Күшлилердиң қолынан
қутқарыўды сорап,
жалбарынады.
10 Бирақ ҳеш ким: «Түнде
қосықлар инам еткен,
Мениң Жаратыўшым – Қудай
қайда екен?
11 Ол бизлерге жер бетиндеги
ҳайўанларға қарағанда
көбирек үйреткен,
Бизлерди көктеги қуслардан
ақыллырақ етип
жаратқан», – демейди.
12 Жаўыз адамлардың
менменлиги себепли,
Адамлар пәрияд етеди, бирақ
Қудай жуўап бермейди.
13 Аўа, Қудай бос сөзлерге қулақ
салмайды,
Қүдирети күшли Қудай оны
итибарға алмайды.
14 Аюп, сиз: «Оны көрип турған
жоқпан», – дейсиз,
Бирақ даўа-арзыңыз Оның
алдында. Оны күте турың!

15 Енди сиз: «Ол қәҳәрленип, жаза
бермеди,
Қылмыс иске де кеўил
бөлмейди», – дейсиз.
16 Усылайынша, сиз мылжың
гәплерди айтасыз,
Ҳеш нәрсе билмей турып, гәпти
көбейтип атырсыз.

### Элиҳудың ең кейинги сөзи

36 1 Элиҳу сөзин даўам етип,
және былай деди:

2 – Бираз сабыр қылыңлар, мен
сизлерге көрсетейин,
Еле Қудай ушын айтатуғын
сөзлерим бар.
3 Мен билимимди түрли
дереклерден топладым,
Жаратыўшымның әдиллигин
дәлиллеп берейин.
4 Шынында, сөзлерим де жалған
емес,
Қарсыңызда билими жетик бир
адам тур.

5 Әлбетте, Қудай қүдиретли,
Бирақ Ол ҳеш кимди пәс
көрмейди,
Оның қүдирети де, даналығы
да шексиз.
6 Ол залымлардың жасай
бериўине жол қоймайды,
Ал жарлыларға әдалатлық
қылады.
7 Ол әдиллерден көзлерин
айырмайды,
Оларды патшалар сыяқлы
тахтқа отырғызып,
Мәңгиге мәртебели қылады.
8 Егер әдиллер шынжыр менен
байланған,
Азап дузағына түсирилген болса,
9 Онда Қудай олардың гүналарын,
Менменсип ислеген
қылмысларын өзлерине
көрсетеди.
10 Тәлим алсын деп, олардың
қулақларын ашады,
Ҳәм жаўызлықтан бас
тартыўды буйырады.
11 Егер олар Қудайға бойсынып,
Оған хызмет етсе,
Онда олардың қалған күнлери
бахытқа,
Жыллары шадлыққа толы
болады.
12 Ал егер олар Қудайға бойсынбаса,
қылыштан өткерилип,
Билим алмастан, өлип кетеди.

13 Қудайсызлардың иши ғәзепке
толы болады,
Қудай оларды кисенлесе де,
жәрдем сорамайды.
14 Олар жаслай өледи,
Өмири шерменделик пенен
аяқланады.
15 Қудай қыйналғанларды
шеккен азаплары арқалы
қутқарады,
Машқалаларға дуўшар етиў
арқалы Өзин тыңлайтуғын
қылады.

16 Ол сизди де дәрттен азат етип,
Қәўипсиз, шекленбеген
кеңисликке алып шығар,
Дастурханыңызды ләззетли
тағамларға толтырар еди.
17 Бирақ сиз айыплылар алатуғын
жазаны толық алғансыз,
Ҳүким ҳәм әдалат жағаңызға
асылып алған.
18 Ғәзеплениўден сақланың,
байлық сизди азғырмасын,

Мол пара да сизди жолдан
урмасын.
19 Байлығыңыз, күш-қүдиретиңиз,
Сизди дәрттен қутқара ала ма?
20 Сонлықтан халықлар өз
орнынан,
Жоқ қылынатуғын түнди
аңсамаң.
21 Жаўызлыққа жүз бурыўдан сақ
болың,
Сиз апаттан гөре, гүнаны
таңлаған көринесиз.

### Элиҳудың Аюпқа Қудайдың қүдиретин еслетиўи

22 – Билип қойыңыз, Қудайдың
қүдирети уллы,
Ол киби тәлим беретуғын устаз
бар ма?
23 Ким Оған жүретуғын жолын
белгилеп береди?
Ямаса ким Оған: «Мына исиң
надурыс», – деп айта
алады?
24 Қудайдың ислерин алғыслаўды
умытпаңыз,
Адамлар сол ҳаққында
тәрийиплеў қосықларын
айтады.
25 Барлық адамлар Оның ислерине
таң қалып,
Ҳәр бир адам оларға узақтан
қарайды.
26 Аўа, Қудай уллы, бизлер Оны
түсине алмаймыз,
Оның өмир жылларының саны
да ақылға сыймайды.

27 Ол суў пуўларын көтерип алып,
Оларды жаўын тамшыларына
айландырады.
28 Бултлар суў тамшыларын төгеди,
Ол адамлардың үстине нөсер
болып қуяды.
29 Бултлардың қалай
жайылатуғынын,
Оның шатырынан шыққан
гүлдирмаманың қалай
гүркирейтуғынын ким
түсине алады?
30 Қудай көкте шақмағын
шақтырғанда,
Оны теңиздиң түбинен көриўге
болады.
31 Қудай халықларға усылай
бийлик жүргизип,
Мол азық-аўқат береди.
32 Ол шақмақты Өз қолларында
сақлап,
Нышанға барып тийиўге
буйрық береди.
33 Гүркиреў даўылдан хабар
береди,
Ҳәтте, маллар да даўылдың
болатуғынын сезеди.

## 37

1 Буннан жүрегим дирил-
деп,
Қанасынан шығып кетейин
дейди.
2 Тыңлаңлар! Оның гүркиреген
даўысына,
Аўзынан шыққан сестине қулақ
түриңлер!
3 Ол пүткил аспан асты бойлап
шақмақ шақтырады,
Шақмақтың жалтылдысы
жердиң төрт тәрепине
жетип барады.
4 Буннан кейин, Қудайдың
даўысы гүркиреп шығады,
Ол әжайып даўысы менен
гүркирейди,
Оның даўысы еситилгенде,
үзликсиз шақмақ шағады.

5 Қудайдың даўысы әжайып
тәризде гүркирейди,
Ол бизлердиң ақылымыз
жетпейтуғын уллы ислерди
ислейди.
6 Ол қарға: «Жерге жаў!» –
дейди.
Ал нөсер жаўынға: «Нөсер
болып қуй!» – дейди.
7 Сонда ҳәр бир адам исин
тоқтатады,
Барлық адамлар булардың
Оның иси екенин биледи.
8 Жабайы ҳайўанлар өз инлерине
кирип,
Уяларын панадайды.
9 Даўыл өз мәканынан шығып,
Күшли самал аяз алып келеди.
10 Қудайдың деминен муз пайда
болады,
Шексиз суўлар музлап
қалады.
11 Қойыў бултларды ығал менен
тойдырады,
Олар арқалы шақмағын
шақтырады.
12 Бултлар Оның басқарыўында
айланып жүреди,
Пүткил жер бетин айланады,
Булардың ҳәммесин Қудай
өзлерине буйырғаны ушын
ислейди.
13 Ол гейде адамларды жазалаў
ушын,
Ал гейде жер жүзин суўғарып,
Сүйиспеншилигин көрсетиў
ушын жаўын жаўдырады.

14 Аюп, мыналарды тыңлаң,
Тоқтап, Қудайдың уллы ислери
ҳаққында ойлап көриң.
15 Қудайдың бултларды қалай
басқаратуғынын,
Өз бултларынан шақмақты
қалай шақтыратуғынын
билесиз бе?
16 Бултлардың аспанда қалай
қалқып жүретуғынын,
Билими жетик Қудайдың
кәраматлы ислерин
билесиз бе?
17 Қубла самалы есип, жер бети
қуўрап қалғанда,
Кийимлериңиз сизди
терлеткенде,
18 Қола айна сыяқлы қатты
аспанды,
Сиз де Қудай сыяқлы жайып
жибере аласыз ба?

19 Қудайға не айтыўымыз
кереклигин бизлерге
үйретиң,
Қараңғылықта болғанлығымыз
себепли, биз исимизди
қорғай алмаймыз.
20 Мениң сөйлеспекши болғаным
туўралы Оған биреў
хабарлай ма?
Ким өзиниң набыт болыўын
қәлейди?
21 Самал есип, аспандағы
бултларды серпип
таслағанда,
Жарқыраған күн нурына ҳеш
ким қарай алмайды.
22 Қудай арқадан алтын нур
таратып келмекте,
Ол әжайып салтанатқа
бөленген.
23 Бизлер Қудирети күшли Қудайға
жете алмаймыз,
Оның қудирети ҳәм әдиллиги
уллы,
Әдалатлығы шексиз, Ол ҳеш
наҳақлық қылмайды.

24 Сонлықтан, ҳәй адамлар! Оннан
қорқыңлар!
Өзин дана деп билгенлерге Ол
итибар бермейди.

### Жаратқан Ийениң Аюп пенен сөйлесиў ушын келиўи

38 1 Соннан кейин, Жаратқан
Ийе қуйын ишинен Аюпқа
былай деди:

2 – Билимсиз сөзлериң менен,
Даналық шешимлериме гүман
келтиретуғындай, сен ким
болыпсаң?
3 Еркек киби белиңди беккем
буў,
Мен сорайман, сен жуўап бер.

4 Мен жердиң негизин
орнатқанда, сен қай жерде
единң?
Билетуғын болсаң, маған айт.
5 Оның өлшемин белгилеген ким?
Оның үстинен жип тартқан
ким? Сен оны билесең-ғо!
6 Жердиң тийкарлары нениң
үстине қойылған?
Оның иргетасын қойған ким?
7 Сол ўақытта таң жулдызлары
шадланып бақырысып,
Иләҳий барлықлар қуўаныш
пенен қышқырысқан еди.

8 Теңиз жер түбинен атылып
шыққанда,
Оған қапылар қойып, бөгет
басқан ким еди?
9 Мен оған бултларды кийим,
Қара түнекти жөргек қылдым.
10 Шегаралар белгилеп,
Теңизге тәмбиленген қапылар
қойдым.
11 Соңынан оған: «Мына жерге
дейин келесең, оннан
өтпейсең,
Сениң өркөкирек толқынларың
усы жерде тоқтайды», –
дедим.

12 Сен өмириңде бир мәрте болса
да, таңға буйрық бердиң бе?
Ямаса таң шуғласына орнын
белгилеп бердиң бе?
13 Оған жердиң түп-түпкирлерине
жетип барып,
Залымларды жасырынған
жеринен силкип
шығарыўды буйырдың ба?
14 Жер жүзи ылайға мөр
басылғандай болып,
өзгереди,
Кийим кийгендей болып
безенеди.
15 Залымлар күн нурынан маҳрум
етиледи,
Көтерилген қоллары
сындырылады.

16 Сен теңиздиң суў көзлерине
түсип көрдиң бе?
Ямаса теңиз түбин изертлеп
көрдиң бе?
17 Саған өлилер мәканының
дәрўазалары көрсетилип
пе еди?
Ямаса қара түнектиң
дәрўазаларын көрип пе
единң?
18 Жер кеңислигин түсиндиң бе?
Егер булардың ҳәммесин
билген болсаң, онда
түсиндир!

19 Нурдың мәканына алып
баратуғын жол қайда?

Ал қараңғылықтың мәканы қай
жерде?
20 Оларды өз орнына қайтара
аласаң ба?
Олардың үйине баратуғын
жолды билесең бе?
21 Аўа, сен билесең! Сен олардан
бурын туўылғансаң!
Жүдә узақ өмир көрип атырсаң!

22 Сен қар сақланатуғын жерге
кирдиң бе?
Ямаса буршақ сақланатуғын
жерди көрдиң бе?
23 Мен оларды апат күнлери ушын,
Урыс ҳәм саўаш күнлери ушын
сақлап қойыппан.
24 Жақтылықтың қай жерден
келип,
Шығыс самалының қай жерден
басланатуғынын билесең бе?
25 Ким нөсер жаўын ушын арна,
Жылдырым ушын жол ашты?
26 Адам жасамайтуғын жерлерге,
Бос қалған шөллерге жаўын
жаўдыратуғын ким?
27 Керексиз қуў шөлди суўға
қандырып,
Ол жерлерге шөплер
өсиретуғын ким?
28 Жаўынның әкеси бар ма?
Шық тамшыларын дүньяға
келтирген ким?
29 Муз кимниң қурсағынан
шықты?
Аспаннан түскен қыраўды ким
туўды?
30 Суўлар тастай болып қатып
қалады,
Теңиздиң бети музлап қалады.

31 Үркердиң шынжырларын
байлай аласаң ба?
Ямаса Орионның жиплерин
шеше аласаң ба?
32 Жулдызлар топарын өз
ўақтында шығара аласаң ба?
Ямаса Жети қарақшыны
балалары менен бирге
жетелей аласаң ба?
33 Сен аспанға тийисли
қағыйдаларды билесең бе?
Ямаса сол нызамларды жер
бетинде орната аласаң ба?

34 Үстиме нөсер жаўын жаўсын деп,
Бултларға бақырып, буйрық
бере аласаң ба?
35 Шақмақларға шағыўды буйыра
аласаң ба?
Олар саған: «Бизлер сениң
хызметиңдемиз», – дер ме
екен?
36 Жүрекке даналық,
Ақылға түсиник берген ким?
37 Бултларды санаўға кимниң
даналығы жетеди?
Ким аспандағы суў меслерин
аўдарып таслай алады?
38 Сонда шаң ылайға айланып,
Кесеклер бир-бирине
жабысады.

39-40 Жас арысланлар уясында
жасырынып,
Урғашы арыслан олжа аңлып,
пута астында жатырғанда,
Сен урғашы арысланға олжа
тутып бере аласаң ба?
Ямаса жас арысланлардың
қарнын тойдыра аласаң ба?
41 Ғарғаның балалары ашлықтан
қаңғып жүрип,
Қудайға жалынғанда,
Оларды азық пенен
тәмийинлейтуғын ким?

# 39

1 Сен таў ешкисиниң қашан туўатуғынын билесең бе?
Ямаса суўынның балалағанына қарап турғанбысаң?
2 Олардың қанша ай буўаз болып жүретуғынын билесең бе?
Олардың балалайтуғын ўақтын ше?
3 Олар толғатқанда, жүресине отырып,
Баласын дүньяға келтиреди.
4 Олардың балалары ашық жайлаўларда өсип, күшке толады,
Кейин кетип, қайтып келмейди.

5 Қуланға еркинлик берген ким?
Жабайы ешектиң арқанын шешип таслаған ким?
6 Мен шөл даланы оған үй,
Шорлы жерлерди мәкан қылып бердим.
7 Ол қаладағы шаўқым-сүрен үстинен күледи,
Мал айдаўшының бақырысын еситпейди.
8 Ол отлаў ушын таўларды шарлап,
Өзине көк жайлаў излейди.

9 Жабайы буға саған хызмет етиўге ыразы болып,
Сениң қорандағы ақырыңның жанында түнер ме екен?
10 Жериңди айдатыў ушын,
Оны жүўенлеп, гүндеге қоса аласаң ба?
11 Күшли деп, оған исене аласаң ба?
Аўыр ислериңди оған тапсыра аласаң ба?
12 Жабайы өгиздиң егиниңди тасып,
Қырманыңа алып келетуғынына исенесең бе?

13 Түйеқус қанатларын гәрдийип қақса да,
Ол ләйлектиң қанат ҳәм пәрине жетпейди.
14 Түйеқус мәйеклерин жерге қалдырып кетеди,
Ал қум оларды жылытады.
15 Мәйеклер аяқ астында қалып, езиледи,
Жабайы ҳайўан оларды басып кетпей ме, буны ҳеш ойламайды.
16 Түйеқус өз балаларына басқаники сыяқлы қатал,
Мийнетиниң күйип кетиўинен қәўетерленбейди.
17 Өйткени Мен оны даналықтан маҳрум еткенмен,
Оған ақыл да бермегенмен.
18 Бирақ түйеқус қанат жайып жуўырғанда,
Ат ҳәм шабандозды изде қалдырып, үстинен күледи.

19 Атқа күш берген,
Оның желкесине жал өсирген,
20 Оны шегиртке киби секиретуғын қылған сен бе едиң?
Оның пысқырып киснегениниң өзи қорқынышлы.
21 Ат туяқлары менен жер тепсинип, өз күшине қуўанып,
Душпанның үстине қарай шабады.
22 Ол қорқыныш үстинен күлип қарап, ҳеш нәрседен сескенбейди,
Қылыштан да қаймықпайды.

23 Оқ салынған қап үстинде
шыңғырлайды,
Найза ҳәм семсер жалтылдайды.
24 Ғәзеп пенен реҳимсиз жерди
тепкилеп,
Кәрнай сестин еситкенде, бир
жерде турмайды,
25 Кәрнай шертилген сайын
киснеп,
Саўаштың ийисин алыстан
сезеди,
Сәркәрдалардың шаўқым-
сүренлерин еситеди.

26 Қаршығаның қублаға қарай
қанат жайып,
Бийиклеп ушатуғыны сениң
даналығыңның арқасы ма?
27 Бүркит сениң буйрығың менен
көтерилип ушып,
Бийикликке уя сала ма?
28 Ол жартаслар үстине мәкан
басып, сол жерде жасайды,
Жартастың уша басы – оның
қорғаны.
29 Ол сол жерде турып, аң аўлайды,
Оның көзлери олжасын
узақтан көреди.
30 Палапанлары қан сорыйды,
Өлик қай жерде болса, ол да
сол жерде болады.

31 Жаратқан Ийе сөзин даўам
етип, Аюпқа былай деди:

32 – Қүдирети күшли Қудай менен
тартысып атырған адам,
Енди Оны жолға салмақшы ма?
Қудайды айыплап атырған
адам жуўап берсин.

33 Сонда Аюп Жаратқан Ийеге
былай деп жуўап берди:

34 – Мен санда жоқ бир адамман,
Саған не деп жуўап берейин?
Енди аўзыма бек боламан.
35 Бир рет сөйледим, бирақ жуўап
бере алмадым,
Екинши рет сөйледим, бирақ
енди сөйлемеймен.

# 40

1 Соннан кейин, Жаратқан
Ийе қуйын ишинен Аюпқа
былай деди:

2 – Еркек киби белиңди беккем
буў,
Мен сорайман, сен жуўап бер.
3 Сен Мени әдалатсызлықта
айыпламақшымысаң?
Өзиңди ақлаў ушын мени
қараламақшымысаң?
4 Сенде Қудайдың, яғный Мениң
қүдиретимдей қүдирет
бар ма?
Даўысың Меники сыяқлы
гүркирей ала ма?
5 Егер солай болса, онда өзиңди
даңқ ҳәм бәлент мәртебе
менен безе,
Уллылық ҳәм салтанатқа бөлен.
6 Ғәзебиңди төгип, шаш,
Тәкаббирлерге көз салып,
оларды бойсындыр.
7 Тәкаббирлерге нәзер салып,
оларды диз шөктир.
Жаўызларды турған жеринде
мылжалап тасла.
8 Олардың ҳәммесин бирге
топыраққа көм,
Жүзин кепинге орап, қараңғы
дүньяға байлап қой.
9 Сонда оң қолыңның сени
қутқарғанын,
Мен де мойныма алайын.

10 Мына бегемотқа қара,
Сени жаратқаным сыяқлы, оны
да Мен жараттым.
Ол өгиз сыяқлы шөп жейди.
11 Оның белинде не деген күши бар,
Қарнындағы булшық етлери
қандай беккем!
12 Оның қуйрығы кедр ағашы
сыяқлы мықлы,
Жамбасындағы сиңирлери
өрим-өрим.
13 Сүйеклери қола бөренелерге,
Қабырғалары темир
бақанларға уқсайды.
14 Бегемот Мениң жаратқанларым
ишиндеги ең әжайыбы,
Жаратқанның Өзи ғана оған
қылыш көтере алады.
15 Таўлар оған азық береди,
Ол жерде барлық жабайы
ҳайўанлар ойнақлап жүреди.
16 Бегемот лотос жапырағы
астында,
Батпақлықта өскен қамыслар
арасында жатады.
17 Лотос жапырақлары оған
көлеңке түсирип,
Дәрья бойындағы таллар оны
орап турады.
18 Дәрья буркасынлап ақса да, ол
қорқпайды,
Иордан тасып, аўзына келсе де,
оған тәсир етпейди.
19 Ким оны көзине түспей, тута
алады?
Ким оның мурнынан илмек
өткере алады?

20 Ал Лиўятанды[a] ше, балық
услайтуғын қармақ пенен
услап,
Тилин жип пенен байлай
аласаң ба?
21 Оның мурнынан жип өткизип,
Жағына қармақ илдире
аласаң ба?
22 Ол саған қайта-қайта жалынып-
жалбарынып,
Сениң менен жыллы сөйлесер
ме екен?
23 Саған мәңгиге қул болыў ушын,
Сениң менен келисим дүзер ме
екен?
24 Қус пенен ойнаған сыяқлы,
оның менен ойнай аласаң
ба?
Ямаса ермек қылыўы ушын,
қызларыңа оны байлап
бере аласаң ба?
25 Балықшылар оның ушын
саўдаласа ма?
Саўдагерлер оны өз ара
бөлисип ала ма?
26 Оның терисин найза менен,
Басын балықшының
шанышқысы менен тесе
аласаң ба?
27 Қолыңды оған тийгизип көр,
Екинши мәрте тийгизбейтуғын
боласаң,
Бул саўашты да ҳеш қашан
умытпайтуғын боласаң.

# 41

1 Лиўятанды тутыўға үмит
етиў пайдасыз,
Оның қарасы көриниўден-ақ,
қорқыныштан адамның
жүреги жарылады.
2 Оны қозғаўға ҳеш кимниң
батылы бармайды.
Солай екен, онда ким Мениң
алдымда тура алады?

---

[a] **40:20** *Лиўятан* – теңизде жасайтуғын үлкен мақлуқ.

3 Оған қарыздар болып
қалатуғындай, ким Маған
бир нәрсе берди екен?
Аспан астындағы ҳәмме нәрсе –
Меники.

4 Мен Лиўятанның дене
ағзалары,
Уллы күши ҳәм әжайып денеси
ҳаққында айтып берейин.
5 Ким оның терисин сылып ала
алады?
Ким оның еки қабат саўытын
тесип зақымлай алады?
6 Ким оның аўзын ашып көре
алады?
Оның аўзындағы тислери
қорқынышлы.
7 Арқасы қатар-қатар қалқаннан
исленген,
Олар мөр басылғандай
етип, бир-бирине тығыз
беккемленген.
8 Олардың бир-бирине жақын
жайласқаны соншелли,
Арасынан ҳаўа да өтпейди.
9 Олар бир-бирине тығызланып,
жабыстырылған,
Оларды ажыратыў мүмкин
емес.
10 Лиўятан түшкиргенде, от
шашады,
Оның көзлери таң нуры
сыяқлы жайнап турады.
11 Аўзынан жалын лаўлап,
От ушқынлары шашырайды.
12 Мурнынан шыққан түтин,
Жанып турған қамыс үстинде
қайнап турған қазанның
пуўына уқсайды.
13 Деми көмирди алыстырады,
Аўзынан жалын шашады.
14 Оның күши мойнында,
Оның алдында қорқыныш
ойынға түседи.
15 Етиниң қабатлары бир-бирине
беккем жабысқан,
Қуймаға уқсайды, ҳеш
тербелмейди.
16 Жүреги тастай,
Дигирманның астынғы
тасындай қатты.
17 Ол орнынан турғанда,
күшлилердиң де ҳүрейи
ушады,
Қорқыныштан артқа шегинеди.
18 Оны қылыш та кеспейди,
Оған найза да, қанжар да, оқ та
өтпейди.
19 Темир оған сабан киби,
Қола шириген терек киби
көринеди.
20 Атылған оқлар оны қашыўға
мәжбүрлей алмайды,
Сақпаннан атылған тас ол
ушын қаўықтай нәрсе.
21 Шоқмар менен урған оған
сабан менен урғандай,
Өзине ылақтырылған
семсерлердиң сестине
күледи.
22 Денесиниң астынғы
теңгелери гүзениң өткир
сынықларына уқсайды,
Ылайдың үстинде жатса, түйек
айдалғандай из қалдырады.
23 Түпсиз тереӊ ийиримди ол қазан
киби қайнатады,
Теӊизди қайнап турған май
киби тастырады.
24 Ол изинде нурлы из
қалдырады,
Көргенлер теңиздиң ақ шашы
бар деп ойлайды.
25 Жер бетинде оның теңи-тайы
жоқ,

Ол қорқынышты билмейтуғын
етип жаратылған.
26 Ол барлық тәкаббирлерге пәс
нәзер менен қарайды,
Ҳәм барлық менменлердиң
патшасы.

## Аюптың тәўбе етиўи

42 [1] Сонда Аюп Жаратқан Ийе-
ге былай деп жуўап берди:

2 – Мен билемен, Сениң
қолыңнан ҳәмме нәрсе
келеди,
Нийетиңе кесент етиў де
мүмкин емес.
3 Сен: «Билимсизлик пенен
Мениң қарарымды
қаралап атырған,
Мына адам ким өзи?» – деп
сораған един.
Аўа, мен өзим түсинбеген
нәрселер ҳаққында,
Ҳасла түсиниўге ақылым
жетпейтуғын уллы ислер
ҳаққында сөйледим.
4 Сен және: «Сен дыққат пенен
тыңла, Мен сөйлейин,
Мен сорайын, сен жуўап бер», –
деген един.
5 Бурын мен Сен туўралы тек
қулақларым менен еситкен
едим,
Ал ҳәзир Сени өз көзлерим
менен көрип турман.
6 Сонлықтан бурынғы
айтқанларыма өкинип,
Тәўбе қылып, топырақ пенен
күлде отырман.

## Жаратқан Ийениң қарары

[7] Жаратқан Ийе Аюп пенен сөй-
лесип болғаннан соң, теманлы Эли-
фазға тил қатып, былай деди:
– Мениң саған ҳәм сениң еки дос-
тыңа қәҳәрим келди. Сизлер Мен
туўралы қулым Аюп сыяқлы ду-
рыс сөйлемедиңлер. [8] Енди жети
буға ҳәм жети қошқар алып, қулым
Аюпқа барыңлар ҳәм өзлериңиз
ушын жандырылатуғын қурбан-
лық усыныңлар. Қулым Аюп сизлер
ушын дуўа етеди. Мен оның дуўа-
сын қабыл етемен ҳәм ақмақлығы-
ңыз ушын сизлерди жазаламайман.
Сизлер Мен туўралы қулым Аюп
сыяқлы дурыс сөйлемедиңлер.
[9] Солай етип, теманлы Элифаз,
шуўахлы Билдад ҳәм наамалы Со-
фар Жаратқан Ийениң айтқанла-
рын орынлады. Жаратқан Ийе де
Аюптың дуўасын қабыл етти.

## Қудайдың Аюпты қайта жарылқаўы

[10] Аюп дослары ушын дуўа ет-
кеннен соң, Жаратқан Ийе оның
ҳал-жағдайын бурынғы абадан-
шылығына қайтарып, бурын бол-
ған нәрселериниң ҳәммесин еки есе
қылып қайтарып берди. [11] Аюптың
аға-инилери, апа-қарындаслары
ҳәм оны бурын танығанның ҳәм-
меси оның үйине келип, Аюп пенен
бирге аўқатланды. Олар Жаратқан
Ийениң басына салған барлық сы-
нақлары ушын Аюпқа кеўил айт-
ты ҳәм тәселле берди. Олардың ҳәр
бири Аюпқа бир кесита[a] гүмис ҳәм
бир алтын сырғадан сыйға берди.

---

a **42:11** Кесита – қандай да бир өлшем бирлик, оның аўырлығы белгисиз.

12 Жаратқан Ийе Аюптың соңғы
күнлерин бурынғысынан да бетер
жарылқады. Енди онда он төрт
мың қой, алты мың түйе, бир мың
жуп өгиз ҳәм мың урғашы ешек
болды. 13 Және де, Аюптың жети ул
ҳәм үш қызы болды. 14 Ол бирин-
ши қызына Емима, екиншисине
Кесиа, үшиншисине Керен-Ҳап-
пух деп ат қойды. 15 Үлкениң ҳеш
бир жеринде Аюптың қызларын-
дай сулыў қызлар болмады. Әке-
си Аюп қызларына аға-инилери
менен бирдей мийрас ажыратып,
еншиге берди.

16 Буннан кейин, Аюп және бир
жүз қырық жыл жасап, төрт әўлад
көрди. 17 Солай етип, Аюп узақ ҳәм
мазмунлы өмир сүрип, дүньядан
көз жумды.

# Забур

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Забур китабы Қудайға бағышланған ҳәр түрли мазмундағы жырлардың жыйнағы. Оларды базыда қосық қылып саз бенен айтқан, базыда болса жалғыз ямаса бир топар болып дуўа етиў сыпатында айтқан. Китап 150 жырдан ибарат, жырлардың көпшилигин патша Даўыт жазған.

Жырларда еврейше қосықлардың параллелизм деп аталған усылы кең қолланылған. Әдетте бул усыл қандай да бир пикирди тастыйықлаў, оған пәт бериў ямаса қосымша мәнини түсиндириў мақсетинде ислетиледи.

Мухаддес Китап ишиндеги көп китаплардың баслы темалары жырларда өз сүлдерин табады. Бул темалар – алғыс қосығы, алғыс-мақтаўлар, үмит, исеним, гүнаның ақыбетиндеги қайғы, Қудайдың садықлығы ҳәм жәрдеми. Барлық жырлардың тийкарғы мәнисинде Қудайға болған күшли исеним, Оған деген ҳақыйқый ҳүрмет-иззет жатады. Жырлардың авторлары өзлериниң ҳақыйқый ишки сезимлерин билдирип, Қудайды шексиз мийрим-шәпәәти ушын алғыслайды, қыйыншылық жағдайларда болса жүреклериндеги дәртлерин төгип салады.

Ийса Масийх ўаз айтқанда ҳәм тәлим бергенде жырлардан пайдаланған. Жаңа Келисим авторлары да жырлардың базыларын өз китапларында қолланып жазған. Биринши масийхыйлар да сыйынғанда, тәлим бергенде ҳәм Ийса Масийх ҳаққындағы Хош Хабарды басқаларға айтып бергенде жырлардан пайдаланған.

---

**1** [1] Қандай бахытлы мынадай
адам:
Напәклердиң мәсләҳәти менен
жүрмейтуғын,
Гүнакарлардың жолына аяқ
баспайтуғын,
Сурбетлердиң арасында
отырмайтуғын.
[2] Ал ол Жаратқан Ийениң
көрсетпелеринен рәҳәтленер,
Күни-түни көрсетпелериниң
үстинде ой жуўыртар.
[3] Ол ағын суў бойына егилген
мийўе ағашына мегзер,
Мийўесин өз мәўсиминде берер,
Жапырақлары қуўрап қалмас,

Ол не ислесе де, табысқа ерисер.

4 Ал напәклер болса бундай емес,
Олар самал ушырған қаўыққа
уқсар.
5 Соның ушын әдиллик болған
жерде напәклер тура алмас,
Ҳақлардың жәмийетинде
гүнакарларға орын болмас.
6 Жаратқан Ийе ҳақлардың
жолын гүзетер,
Ал наҳақлардың жолы өлимге
жетеклер.

# 2

1 Не ушын көтерилис қылады
миллетлер?
Неге бийҳуда жобалар дүзеди
халықлар?
2 Жаратқан Ийеге ҳәм Оның
майлаған патшасына,
Қарсы сап тартып турар жер
жүзиндеги патшалар,
Тил бириктирип, былай дейди
ҳүкимдарлар:
3 «Сындырайық олардың салған
кисенлерин,
Ылақтырайық мойнымыздағы
буғаўларын».

4 Көкте отырған Ийе болса,
Оларды масқаралап, үстинен
күлер.
5 Кейин Ол ашыўланып, оларды
ескертер,
Ғәзеби менен қорқынышқа
салып, былай дер:
6 «Мен мухаддес таўым болған
Сионға,
Өзимниң патшамды
отырғыздым».
7 Жаратқан Ийениң қарарын
жәрия қыламан:
Ол маған былай деди:
«Сен Мениң улымсаң,
Бүгин Мен саған Әке болдым.
8 Сора Меннен, халықларды
қолыңа беремен,
Ийелигиңе жер жүзиниң төрт
тәрепин тапсыраман.
9 Темир ҳаса менен оларды урып
езесең,
Ылай ыдыстай етип,
сындырасаң».

10 Ҳәй патшалар, ақыл менен ис
тутың!
Ҳәй дүньядағы ҳүкимдарлар,
сабақ алың!
11 Қорқыў менен Жаратқан Ийеге
хызмет етиң,
Мүләйимлик пенен шадланың.
12 Оның улының алдында бас
ийиң,
Болмаса, Оның ғәзеби қайнар,
Сизлер де өмир жолыңызда
бирден жоқ боларсыз.
Оның қәҳәри тез лаўлап жанар.
Қандай бахытлы Оннан пана
тапқанлар!

# 3

1 *Даўыттың өз улы Абшалом-
нан қашқан ўақытта*[a] *жазған
жыры*
2 Жаратқан Ийе, соншелли көп
душпанларым,
Маған қарсы бас көтерип атыр
көп адам!
3 Көплер мен ҳаққында:
«Қудайдан оған қутқарылыў
жоқ», – деп айтар. Селаҳ[b]

[a] **3:1** 2Пат 15:13–17:22.
[b] **3:3** *Селаҳ* – бул саз термини болыўы мүмкин. Мәниси белгисиз.

4 Бирақ Сен Жаратқан Ийе,
менин қалқанымсаң,
Мени даңққа бөлеп, басымды
жоқары көтересең.

5 Жәрдем сорап, Жаратқан Ийеге
жалбарынаман,
Жуўап берер Ол маған мухаддес
таўынан. Селаҳ

6 Жаратқан Ийе мени қорғағаны
себепли,
Жатаман, уйықлайман, және
аман-есен тураман.
7 Ҳәр тәрептен қоршап турған,
Он мыңлаған жаўлардан
қорқпайман.

8 Жаратқан Ийе, тур,
Қудайым, мени қутқар!
Сен барлық душпанларымның
жүзине урдың,
Жаўызлардың тислерин
сындырдың.
9 Қутқарылыў Жаратқан Ийеден
келер,
Халқыңның үстине жаўсын
берекетиң! Селаҳ

# 4

1 *Атқарыўшылардың жетекши-сине. Тарлы саз әсбаплар менен айтылатуғын Даўыттың жыры*

2 Мениң ҳуқықымды қорғаўшы
Қудай!
Жалбарынғанымда жуўап бер
маған!
Қыйыншылықта қалғанымда,
мени азат қылдың,
Реҳим етип маған, қулақ сал
дуўама.

3 Ҳәй, инсанлар, қашанға дейин
атыма дақ түсиресиз?
Қашанға дейин бийҳуда
нәрселерге кеўил берип,
Қашанға дейин жалғанның
изинен жүресиз? Селаҳ
4 Билиңлер, Жаратқан Ийе Өзине
садық адамды таңлар,
Жалбарынсам, Ол мени еситер.

5 Ғәзепленип, гүна ислемең,
Төсекте жатқаныңызда, ойланың
ҳәм тынышланың. Селаҳ
6 Жаратқан Ийеге мақул болған
қурбанлықлар усынып,
Оған үмит байлаң.

7 «Ким бизлерге жақсылық
қылады?» – деп
айтатуғынлар көп,
Жаратқан Ийе, жүзиңниң
нурын үстимизге төк!
8 Қуўанар дән ҳәм шарабы мол
болғанлар,
Сен жүрегиме оннан да көп
шадлық бердиң.
9 Жатқанымда, тыныш
уйықлайман,
Жалғыз Сен, Жаратқан Ийе,
Аманлық ишинде сақлайсаң
мени.

# 5

1 *Атқарыўшылардың жетек-шисине. Най сазында атқары-латуғын Даўыттың жыры*

2 Сөзлериме қулақ сал, Жаратқан
Ийе,
Шеккен налаларыма дыққат
аўдар.
3 Еситe гөр, жәрдем сорап дад
саламан,
Патшам ҳәм Қудайым, Саған
дуўа етемен.
4 Таңда даўысымды еситесең,
Жаратқан Ийе,

Ҳәр ерте таңда усынаман
дуўамды,
Сеннен күтемен жуўапты.

5 Сен жаманлықты хош
көрмейтуғын Қудайсаң,
Жаўызлық Сениң жанында
тура алмас.
6 Тәкаббирлер көз алдыңда тура
алмас,
Барлық напәклик қылғанларды
жек көресең Сен.
7 Жалған сөйлейтуғынларды
жоқ қыласаң,
Жаратқан Ийе, қанхор ҳәм
мәккарлардан жеркенесең.

8 Мен мол сүйиспеншилигиңниң
саясында,
Сениң Үйиңе, мухаддес
Ибадатханаңа киремен,
Қорқыў менен Саған тәжим
қылып, сыйынаман.
9 Жаратқан Ийе, Сен әдалатлысаң,
Душпанларыма бола, мени
жетеле,
Алдымда Өз жолыңды тегисле.

10 Шынлық жоқ душпанларымның
сөзлеринде,
Олардың жүреклери
бәле-қадаға толы,
Аўызлары ашық бир қәбир
сыяқлы,
Майлы тиллери менен жалған
сөйлейди.
11 Қудай, оларды ҳүким етип,
жазала!
Дүзген жобалары апат
келтирсин өзлерине,
Олар Саған қарсы бас көтерер,
Гүналары көп болғаны ушын,
оларды қуўып жибер.
12 Қуўансын Сеннен пана
тапқанлар,
Олар мәңги шадланып
бақырсын.
Атыңды сүйгенлер Сенде
йошыў ушын,
Оларды Өзиң қорғай гөр!
13 Жаратқан Ийе, Сен ҳақ
адамларды жарылқайсаң,
Реҳимиң менен оларды
қалқандай қорғайсаң.

# 6

1 *Атқарыўшылардың жетекшисине. Тарлы саз әсбаплар менен төменги даўыста айтылатуғын Даўыттың жыры*
2 Жаратқан Ийе, қәҳәрленип,
айыбымды әшкаралама,
Ғәзебиң менен мени жазалама.
3 Реҳим ет маған, Жаратқан Ийе,
дәрманым қалмады,
Шыпа бер маған, Жаратқан
Ийе, пүткил денем
қалтырайды.
4 Жаным азап ишинде қалды,
Жаратқан Ийе, қашанға дейин
бул даўам етеди?

5 Жаратқан Ийе, маған
қайырылып, қутқар
жанымды,
Азат қыл сүйиспеншилигиң ҳақы.
6 Өйткени өлилер арасында ҳеш
ким сыйынбас Саған,
Өлилер мәканында ким алғыс
айтар Саған?

7 Аҳ урып, гүрсинип, шаршадым,
Түни бойы көз жасым көл-дәрья
болады,
Зар еңиреп, төсегим ләм болады.
8 Көзлеримниң нуры сөнди
қайғыдан,

Әззиленди көзлерим
душпанларым себепли.

9 Жаўызлық ислеўшилер, меннен
аўлақ жүриңлер,
Өйткени Жаратқан Ийе еситти
дадымды,
10 Жалбарыныўыма қулақ салды.
Ол дуўамды қабыл қылады,
11 Барлық душпанларым уялып
қалады,
Ҳәммесин қорқыныш бийлеп
алады,
Ҳәпзаматта шерменде болып,
қайтып кетеди.

## 7

1 *Бенямин урыўынан болған Куш себепли Даўыттың Жаратқан Ийеге айтқан жыры*
2 Сеннен пана табаман, Қудайым
Жаратқан Ийе!
Изиме түскенлерден азат
қылып, қутқар мени.
3 Болмаса, олар мени арыслandай
тилкимлеп таслайды,
Майдалап бөлеклейди,
қутқаратуғын хеш ким жоқ.

4 Қудайым Жаратқан Ийе,
Егер айып ис қылған болсам,
Биреўге наҳақлық қылған
болсам,
5 Достымның жақсылығына
жаманлық қайтарсам,
Маған себепсиз ҳүжим қылған
душпаныма реҳим қылсам[a],
6 Онда жаўларым мени изимнен
қуўып, услап алсын,
Жанымды аяқ асты қылып,
тепкилесин,
Абырайымды жерге урсын. Селаҳ

7 Қәҳәрленип көтерил, Жаратқан
Ийе!
Қарсы шық душпанларымның
ғәзебине!
Оян, ҳүким шығарған
Қудайым!
8 Халықларды әтирапыңа жыйна,
Жоқарыдағы тахтыңда отырып,
Олардың үстинен ҳүкимдарлық
қыл.
9 Жаратқан Ийе, Сен халықлардың
үстинен ҳүким шығарасаң,
Жаратқан Ийе, әдиллигим ҳәм
минсизлигиме гөре,
Сен мени ақла.
10 Жаўызлардың
жаўызлықларына шек қой,
Ҳақларды қоллап қуўатла,
Ақыл-ой ҳәм жүреклерди Сен
сынайсаң,
Ҳақ Қудай!

11 Қудай қалқан сыяқлы мени
қорғар,
Пәк жүреклерди Ол қутқарар.
12 Қудай әдалатлы қазыдур,
Жаўызға Ол ҳәр күни ғәзебин
шашар.
13 Егер ким де ким тәўбе қылмаса,
Қудай оған қарсы қылышын
қайрар,
Садағын керип, таяр турар.
14 Қыратуғын қурал-жарағын
алып,
Отлы оқларын таярлап турар.

15 Жаман адамнан жаманлық
шығады,

---

a **7:5** *Реҳим қылсам* – реҳим қылыў, қадаған етилген жағдай нәзерде тутылған болыўы мүмкин. 1Пат 15:1-35 қараң.

Жаўызлыққа жүкли болады,
Нәтийжеде жалғанды туўады.
16 Ол шуқыр қазады,
Бирақ қазған шуқырына өзи
түседи.
17 Оның жаманлығы өзине қайтады,
Жаўызлығы өз басына жетеди.

18 Әдалатлығы ушын Жаратқан
Ийени тәрийиплеймен,
Саз шертип, Қудай Тааланың
атын алғыслайман.

# 8

1 *Атқарыўшылардың жетекши-сине. Гат тарлы әсбабында ай-тылатуғын Даўыттың жыры*
2 Жаратқан Ийе, бизлердиң
Ийемиз,
Пүткил жер жүзинде қаншелли
уллы Сениң атың!
Көктен де жоқары Сениң даңқың.
3 Душпанларыңның ҳәм
жаўларыңның
Үнин өшириў ушын,
Нәрестелер ҳәм емизиўли
балалардың аўзынан,
Өзиңе мақтаўлар айтқыздың.
4 Қолларың менен дөреткен
аспаныңа,
Өзиң жайластырған ай ҳәм
жулдызларға қарасам,
Мынадай сораўлар пайда болар
ойымда:
5 «Сен адам туўралы ойлағандай,
ол ким болыпты?
Сен адамзатқа ғамхорлық
қылғандай, ол ким
болыпты?»

6 Сен оны Қудайдан сәл-ақ
төменирек қылдың,
Иззет-ҳүрмет тажын оған
кийгиздиң.
7 Қолың менен дөреткенлериңниң
үстинен оны ҳүкимдар
қылдың,
Ҳәммесин аяқларының астына
қойдың:
8 Барлық майда ҳәм ири малларды
да,
Даладағы жабайы ҳайўанларды
да,
9 Аспандағы қусларды, теңиздеги
балықларды,
Теңизде жүзетуғын ҳәр түрли
мақлуқларды.

10 Жаратқан Ийе, бизлердиң
Ийемиз,
Пүткил жер жүзинде қаншелли
уллы Сениң атың!

# 9

1 *Атқарыўшылардың жетекши-сине. «Улдың өлими» намасына айтылады. Даўыттың жыры*
2 Жаратқан Ийе, шын жүректен
Сени тәрийиплеймен,
Барлық әжайып ислериңди
жәриялайман.
3 Сенде қуўанып, йошланаман,
Атыңа арнап, саз шертип
алғыслайман, Қудай Таала!

4 Душпанларым шегинип
қашқанда,
Сүрнигип өлер Сениң алдыңда.
5 Мени ҳүким қылып, даўымды
қарап шықтың,
Тахтыңа отырып, әдил ҳүким
шығардың.

6 Қәҳәрленип, халықларды
айыпладың,
Напәклерди жоқ қылдың,
Мәңги-бақый өширдиң
олардың атларын.

7 Ўайран ишинде қалып, мәңги
жоқ болды душпанымыз,
Сен олардың қалаларын
қулаттың,
Олар енди қайтадан еске
алынбас.

8 Жаратқан Ийе мәңги патшалық
қылады,
Ҳүким қылыў ушын Өз тахтын
қурды.
9 Ол дүньяны басқарар әдалатлық
пенен,
Ҳүким қылар халықларды
әдиллик пенен.
10 Езилгенлер ушын Жаратқан
Ийе бийик қорғандур,
Қыйын жағдайларда оларға
қорған болар.

11 Сени таныйтуғынлар, Саған
үмит байлар, Жаратқан Ийе,
Өзиңди излегенлерди ҳеш
қашан таслап кетпедиң.

12 Саз шертип, Сионда отырған
Жаратқан Ийени алғыслаң!
Ислеген ислерин халықлар
арасында жәриялаң!
13 Төгилген қанның қунын талап
қылады,
Ол буларды есте сақлайды,
Езилгенлердиң пәриядын
умытпайды.

14 Реҳим қыл маған, Жаратқан
Ийе!
Мени жек көрген жаўларым
азап бермекте!
Өлим аўзынан Сен мени
қайтарасаң.

15 Соның ушын, қыз Сионның
дәрўазаларының
майданында,
Саған алғыс-мақтаў айтаман,
Шадланаман, мени қутқарған
Сенсең.

16 Халықлар өзлери қазған
шуқырға өзлери түсти,
Қурған торларына өз аяқлары
илинди.
17 Әдил ҳүкими менен Жаратқан
Ийе Өзиниң кимлигин
көрсетти,
Залымлар өзлери қурған
дузаққа түсти. Ҳиггайон,[a]
Селаҳ

18 Жаўызлар ҳәм Қудайды
умытқан барлық халықлар,
Өлилер мәканына түсер.
19 Ал мүтәж адамлар ҳәмме
ўақытта умытылып
қалмас,
Ғәриплердиң үмити мәңги
жоққа шығарылмас.

20 Тур, Жаратқан Ийе! Адамзат
жеңип шықпасын,
Дәргайыңда халықлар ҳүким
қылынсын.
21 Оларға қорқыныш бер,
Жаратқан Ийе!
Халықлар өзлериниң адамзат
екенин билсин. Селаҳ

22 Жаратқан Ийе, не ушын узақта
турыпсаң,
Қыйын жағдайларда Өзиңди
жасырасаң?

---

a **9:17** *Ҳиггайон* – бул саз термини болыўы мүмкин. Мәниси белгисиз.

23 Жаўызлар менменлик пенен
ғәриплерди аўлайды,
Өз басына жетсин тоқыған
ҳийлелери.
24 Жаўыз адам жаўыз ҳәўеслери
менен мақтанар,
Ҳарам табысқа қумар адам
Жаратқан Ийеге нәлет
айтып, Оны менсинбес.
25 Қудайға қарай умтылмайды
тәкаббир залымлар,
Ҳәмме ўақытта «Қудай жоқ», –
деп ойлайды олар.
26 Залымлар ҳәмме ўақытта
табысқа ерисер,
Қудайдың буйрықларына
ақылы жетпес,
Олар душпанларын писент етпес.
27 Олар өз кеўлинде былай деп
ойлайды:
«Бизлер ҳеш қашан
сүрникпеймиз,
Әўладтан-әўладқа апатқа дус
келмеймиз».
28 Жаўызлардың аўзы нәлетке,
ҳийлеге, зулымға толы,
Тилиниң астында тур
жаўызлық ҳәм жаман
сөзлер.
29 Олар аўылларда жасырынып
алады,
Аңлып, айыпсыз адамды
өлтиреди.
Көзлери шарасыз қалған
қурбанды излейди.
30 Буққыда жатқан арыслан
сыяқлы,
Бийшараны услайман, деп
тасада жатады.
Өз торына илиндирип, ғәрипти
услап алады.
31 Бийшара жеңилип, қулайды,
Жаўыздың олжасына айланады.
32 Олар өз кеўлинде: «Қудай
қылмысларымызға итибар
бермейди,
Жүзин жаўып алған, ҳеш қашан
көрмейди», – деп ойлайды.

33 Тур, Жаратқан Ийе, қолыңды
соз, Қудай!
Езилгенлерди умытпа!
34 Не ушын жаўызлар Сени
менсинбейди?
Не ушын олар өз кеўлинде:
«Қудай меннен есап
сорамайды», – дейди?
35 Ал Сен езилгенлерди ҳәм азап
шеккенлерди көресең,
Жәрдем бериў ушын оларға
нәзер саласаң,
Шарасыз қалғанлар өзлерин
Саған тапсырады,
Жетимлердиң жәрдемшиси
Өзиңсең.
36 Напәк ҳәм жаўыздың қолларын
сындырып тасла,
Қылмыслары ушын олардан
есап сора,
Басқа жаўызлық қылмасын
олар.

37 Жаратқан Ийе мәңги-бақый
патшадур,
Жоқ болады Оның елинен
басқа халықлар.

38 Жаратқан Ийе, езилгенлердиң
тилегин еситесең,
Жигерлендирерсең оларды,
Жетим ҳәм езилгенлердиң
дадына қулақ салып,
39 Ҳеш адам бендеси оларды
қорқынышқа салмасын,
деп,
Әдиллик қыласаң оларға.

**10** [1] *Атқарыўшылардың жетекшисине. Даўыттың жыры*
Жаратқан Ийеде пана табаман,
Қалай маған былай деп айтасыз:
«Қустай болып ушып кет таўыңа,
2 Мине, пәк кеўилли адамларды,
Қараңғылықта атыў ушын,
Жаўызлар садақларын таярлап,
Оқларын салып керди.
3 Тәртип-нызамның тийкары
бузылса,
Ҳақ адам не қыла алады?»

4 Жаратқан Ийе мухаддес
Ибадатханасындадур,
Оның тахты көклерде,
Барлық адамзатты бақлар,
Нәзери адамларды тексерип
турар.
5 Жаратқан Ийе ҳақ адамды сынар,
Наҳақ адамнан, жаўызлықты
сүйиўшиден жеркенер.

6 Наҳақлардың үстине шоқ, отлы
күкирт жаўдырады,
Олар ушын үлес қылып, ыссы
шөл самалын жибереди.
7 Жаратқан Ийе әдалатлыдур,
әдил ислерди сүйеди,
Туўры жүретуғын адамлар
Оның жүзин көреди.

**11** [1] *Атқарыўшылардың жетекшисине. Төменги даўыста айтылатуғын Даўыттың жыры*
2 Қутқар мени, Жаратқан Ийе,
садық қулың қалмады,
Исенимли адамлар жоқ болды.
3 Ҳәмме бир-бирине жалған
сөйлер,
Еки жүзлилик қылып,
жалатайлық қылар.
4 Жаратқан Ийе кессин еки
жүзлилердиң тиллерин,
Мақтаншақ аўызларды жаўып
тасласын.
5 Олар: «Тилимиз бенен жеңиске
ерисемиз,
Ким бизге хожайынлық
қылады?» – деп айтады.

6 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Бийшаралар зулымлық көрди,
Жарлылар ҳәсирет шекти. Енди
қозғаламан,
Өзлери умтылған қутқарылыўды
беремен».
7 Жаратқан Ийениң сөзлери
пәкдур,
Оның сөзлери мегзер,
Жети мәрте ошақта тазаланған
гүмиске.

8 Жаратқан Ийе, Сен оларды
қорғайсаң,
Жаўыз нәсиллерден бәрқулла
сақлайсаң!
9 Адамлар арасында жаманлық
мақталғанда,
Толып жүрер жаўызлар ҳәр
тәрепте.

**12** [1] *Атқарыўшылардың жетекшисине. Даўыттың жыры*
2 Жаратқан Ийе, қашанға дейин
мени умытасаң?
Мәңгиге ме?
Қашанға дейин, жүзиңди
меннен жасырасаң?
3 Қашанға дейин, жаным азапта
қалып,
Күн даўамында жүрегим ғамға
толады?
Қашанға дейин, душпаным
меннен үстем шығады?

4 Аўҳалыма қара, Қудайым
Жаратқан Ийе, маған
жуўап бер,
Көзлериме нур бер, өлим
уйқысына кетпейин.
5 «Оны жеңдик», – деп айтпасын
душпанларым,
Жығылғанымда сүйсинбесин
жаўларым.

6 Үмит байлайман
сүйиспеншилигиңе,
Мени қутқарып, кеўлимди
толтыр қуўанышқа.
Жырлайман Сени, Жаратқан Ийе,
Маған жақсылық қылдың.

(Заб 52)

# 13

1 *Атқарыўшылардың жетек-шисине. Даўыттың жыры*
Ақмақлар өз кеўлинде: «Қудай
жоқ», – дер.
Олар бузылды, жеркенишли
ислер қылар,
Жақсылық қылатуғын ҳеш ким
жоқ.

2 Ақыллы, яғный Қудайды
излейтуғын бар ма екен, деп,
Жаратқан Ийе көктен қарар
адамзатқа.
3 Ҳәмме адасқан, бирдей бузылған,
Жақсылық қылатуғын ҳеш ким
жоқ,
Бирде биреўи жоқ!

4 Жаўызлық қылыўшылардың
ҳәммеси,
Нан жеген киби халқымды
жалмайтуғынлар,
Жаратқан Ийени
шақырмайтуғынлар ҳеш
нәрсеге түсинбей ме?
5 Олар қорқынышқа түседи,
Қудай ҳақ адамлар менен
биргедур.
6 Напәклер езилгенлердиң
нийетин пушқа шығарса да,
Жаратқан Ийе езилгенлердиң
панасыдур.

7 Келсе еди Израилдың
қутқарылыўы Сионнан!
Жаратқан Ийе Өз халқын
абаданшылыққа және
еристирсе,
Яқыптың урпақлары шадланып,
Израил қуўанар еди!

# 14

1 *Даўыттың жыры*
Жаратқан Ийе, ким жасай
алады Сениң шатырыңда?
Ким мәканлай алады мухаддес
таўыңда?

2 Минсиз жасап, ҳақ ис
қылғанлар,
Жүректен ҳақыйқатты
сөйлегенлер.
3 Басқаларға жала жаўмағанлар,
Достына жаманлық
ислемегенлер,
Жақынын уятқа
қалдырмағанлар.
4 Қудай бийзар адамлардан
жеркенетуғынлар,
Жаратқан Ийеден
қорқатуғынларды ҳүрмет
ететуғынлар,
Өзине зыян болса да, ишкен
антында туратуғынлар.
5 Пул берип, сүтхорлық
қылмағанлар,
Айыпсызға қарсы гүўалық
бериў ушын пара
алмағанлар.

Мәңги сүрникпес усылай
жасағанлар.

# 15

1 *Даўыттың жыры*
Сақла мени, Қудай!
Мен Сеннен пана тапқанман.
2 Жаратқан Ийеге былай дедим:
«Мениң Ийемсең,
Сеннен басқа бахыт жоқ мен
ушын».

3 Үлкедеги мухаддеслерге келсек,
Әжайыпдур, маған қатты
унайды олар.

4 Басқа қудайларға ергенлердиң
дәрти артады,
Олардың ишимлик садақасы қан
екен, буған қосылмайман,
Қудайларының атларын
аўзыма алмайман.

5 Маған тийисли үлесим хәм
несийбем Сенсең,
Жаратқан Ийе,
Тәғдирим Сениң қолыңда.
6 Әжайып жерлер түсти пайыма,
Жүдә жағымлы мениң үлесим.

7 Маған нәсият берген Жаратқан
Ийеге алғыс айтаман,
Ҳәттеки, түнлерде тәлим берер
жүрегим.
8 Көзимди айырмайман
Жаратқан Ийеден,
Ол оң жағымда болғаны ушын,
Ҳеш қашан сүрникпеспен.

9 Соның ушын, жүрегим
қуўанышқа, жаным йошқа
толы,
Денем де тынышлық ишинде
жасайды.
10 Сен мени өлилер мәканына
таслап кетпейсең,
Садық қулыңды қәбирде
қалдырмайсаң.

11 Өмир жолын маған көрсетесең,
Мол қуўаныш бардур Сениң
дәргайыңда,
Оң қолың мәңги бахыт алып
келер маған.

# 16

1 *Даўыттың дуўасы*
Жаратқан Ийе, әдиллик
ушын дуўа етемен, есит
мени,
Пәриядымды тыңла,
Ҳийлесиз аўзымнан шыққан
дуўама қулақ сал!
2 Өзиң ҳүким етип, ҳақлығымды
көрсет,
Көзлериң әдилликти көрсин.

3 Жүрегимди изертлеп, түнде
сынадың,
Мени толық тексерсең де, ҳеш
нәрсе таппадың.
Аўзым гүна қылмасын, деп
қарар қылдым.
4 Басқа адамлардың
қылмысларын қылмадым,
Сениң аўзыңнан шыққан сөзге
әмел қылып,
Зорлық қылыў жолынан аўлақ
жүрдим.
5 Қәдемлерим менен Сениң
жолыңды туттым,
Ҳеш қашан тайып кетпеди
аяқларым.

6 Саған жалбарынаман, Қудай,
Себеби маған жуўап бересең.
Қулақ сал, тыңла сөзлеримди!
7 Көрсет Өз сүйиспеншилигиңди,

Душпанларынан пана излеп,
Саған келгенлерди оң қолың
менен азат ет!
8 Көзиңниң қарашығындай етип
қорға мени,
Қанатларыңның саясына
жасыр,
9 Жаўызлардың ҳүжиминен,
Сақла мени жаныма қас болып,
қоршап алғанлардан.

10 Олардың жүреклерин май
басқан,
Менмен сөзлер шығар аўзынан.
11 Олар изиме түскен, қоршап
алған,
Жерге урыў ушын маған
көзлерин тиккен.
12 Олар мени тилкимлемекши
болған арыслан киби,
Буққыда жатырған жыртқыш
арыслан сыяқлы.

13 Кел, Жаратқан Ийе, оларға
қарсы тур,
Оларды дизерлетип, тәжим
қылдыр,
Қылышың менен напәклерден
мени қутқар.
14 Өз қолың менен аман сақла,
Жаратқан Ийе,
Несийбеси бул дүньядан
болған адамлардан.
Қарынлары Сен таярлап
қойған жазаға тойсын,
Балалары да жеп тойсын,
Аўысып қалғаны олардың
балаларына да қалсын!

15 Ал мен, ҳақлықта Сениң
жүзиңди көрейин,
Оянып, дийдарыңа тояйын.

*(2Пат 22)*

# 17

1 *Атқарыўшылардың же-
текшисине. Жаратқан
Ийениң қулы Даўыттың
жыры. Жаратқан Ийе оны
пүткил душпанларынан ҳәм
Шаулдың қолынан қутқар-
ған күни, Даўыт усы жырды
Оған арнап айтқан*
2 Сени сүйемен, күш-қүдиретим
Сенсең, Жаратқан Ийе!

3 Жаратқан Ийе – жартасым,
қорғаным ҳәм
қутқарыўшым.
Қудайым мениң қорғаўшы
жартасым, Оннан пана
табаман,
Ол қалқаным, қүдиретли
қутқарыўшым ҳәм
қорғанымдур!
4 Мақтаўға ылайықлы Жаратқан
Ийени шақыраман,
Қутқарыламан душпанларымнан.
5 Әжел арқанлары шырмап алып,
Набыт қылыў ағыслары
қорқытты мени.
6 Өлилер мәканының арқанлары
байлады мени,
Өлим дузақлары шықты қарсыма.
7 Азап ишинде Жаратқан Ийеге
жалбарындым,
Жәрдемге шақырдым
Қудайымды.
Ибадатханасынан Ол
даўысымды еситти,
Қышқырғаным қулағына
жетип барды.

8 Сол ўақытта жер жүзи титиреп,
шайқалды,
Силкинди таўлардың негизги
тырнақлары,

Себеби Жаратқан Ийе ғәзепке
минген еди.
9 Мурнынан түтин көтерилди,
Аўзынан жалмап жутатуғын
жалын шығып,
Оннан көмир шоғы жаўды.
10 Көклерди жарып, төменге түсти,
Қара булт Оның аяғының
астында.
11 Бир керубқа[a] минип,
Самалдың қанатлары үстинде
ушып келди.
12 Өзин жасырыў ушын түнекти
перде қылды,
Қойыў қара бултларды Өзине
шертек қылды.
13 Оның алдындағы нурдан,
Буршақ ҳәм көмир шоғы қара
бултларды жарып шықты.
14 Гүркиреди аспанда Жаратқан
Ийе,
Даўыс берди Қудай Таала.
Буршақ ҳәм көмир шоғы жаўды.
15 Оқларын атып, душпанларды
пытыратты,
Шақмақ шақтырып, оларды
албыратып таслады.
16 Жаратқан Ийе, Сениң
кейисиңнен,
Мурныңнан шыққан күшли
демиңнен,
Суўлардың түби көринди,
Дүньяның тийкары ашылып
қалды.

17 Алды мени Жаратқан Ийе
қолын созып жоқарыдан,
Ҳәм шығарды терең суўлардан.
18 Қутқарды мени күшли
душпанымнан,
Меннен күшлирек болған,
Мени жек көретуғынлардан.
19 Қарсы турды олар маған басыма
ис түскенде,
Бирақ тирек болды маған
Жаратқан Ийе.
20 Ол кең жерге шығарды мени,
Кеўли толып, қутқарды мени.

21 Жаратқан Ийе ҳақлығым ушын
сый берип,
Пәк қолларым ушын есесин
қайтарды.
22 Өйткени жүрдим Жаратқан
Ийениң жолы менен,
Жаманлық ислемедим,
Қудайымнан узақласып.
23 Көз алдымда сақладым барлық
қарарларын,
Қағыйдаларын шетке ысырып
қоймадым.
24 Минсиз болдым Оның алдында,
Өзимди сақладым гүна ислеўден.
25 Есесин қайтарды Жаратқан Ийе
ҳақлығым ушын,
Көз алдында қолларымның
пәклиги ушын.

26 Сен садыққа садықлық көрсетип,
Минсизге минсиз боласаң.
27 Пәк адамға пәклигиңди көрсетип,
Жалатайға жалатайшылығына
гөре ис тутасаң.
28 Езилгенлерди қутқарасаң,
Менменлерди болса, жерге
урасаң.
29 Қудайым Жаратқан Ийе,
шырағымды жағыўшы,
Қараңғылығымды
жақтыландырыўшы Сенсең.
30 Сениң менен ләшкерлерди
қыйратып,

---

[a] **17:11** *Керуб* – қанатлы руўхый барлық.

Қудайым менен дийўаллардан
асарман.

31 Қудайдың жолы минсиз,
Жаратқан Ийениң сөзи
исенимли,
Ол қалқаны Өзинен пана
излеген ҳәр бир адамның.
32 Жаратқан Ийеден басқа Қудай
бар ма?
Қудайымыздан басқа қорғаўшы
жартас бар ма?
33 Қудай мени күшке толтырар,
Жолымды минсиз қылар.
34 Кийиктиң аяқларындай қылар
аяқларымды,
Қояр мени бийикликлерге.
35 Үйретеди қолларымды
урысыўға,
Ҳәм қола оқ жайды керип
тартыўға.
36 Бересең маған қутқарылыў
қалқаныңды,
Оң қолың маған сүйениш
болады,
Мәртебели қылар жәрдемиң
мени.
37 Кең қыларсаң басар жолымды,
Аяқларым мениң сүрникпес.
38 Душпанларымның изинен
қуўып, жетип алдым,
Оларды жоқ қылмай турып,
изге қайтпадым.
39 Езип тасладым, тура алмай
қалды олар,
Аяқларым астында созылып
жатты.
40 Саўаш ушын мени толтырдың
күшке,
Маған қарсы шыққанларды бас
ийдирдиң алдымда.
41 Душпанларымды меннен
қашатуғын қылдың,
Мен де өзимди жек
көргенлерди жоқ еттим.
42 Жалбарынды олар, бирақ
қутқарған болмады,
Жаратқан Ийени шақырды,
бирақ Ол жуўап бермеди.
43 Ездим оларды самал ушырған
шаң сыяқлы,
Даладағы ылай сыяқлы
шашыратып тасладым.

44 Қутқардың халықтың
көтерилисинен,
Миллетлердиң басшысы
қылдың мени,
Хызмет етер өзим танымайтуғын
халықлар маған.
45 Мен туўралы еситиўден
бойсынып,
Жат еллилер меннен айбынды.
46 Жат еллилердиң жүзлери
қуўарып,
Шықты титиреп, паналаған
жерлеринен.
47 Жаратқан Ийе тири, Қорғаўшы
жартасыма алғыслар
болсын!
Қутқарыўшым Қудай
уллылансын!
48 Ол болады душпанларымнан өш
алыўыма жол қойған,
Халықларды маған
бағынышлы қылған.
49 Қутқарар Ол душпанларымнан,
Аўа, үстин қылар маған қарсы
шыққанлардан,
Азат қылар жаўызлардың
қолынан.
50 Буның ушын, Жаратқан Ийе,
Тәрийиплеймен Сени
миллетлер арасында,
Саз шертип алғыс айтаман
арнап атыңа.

51 Жаратқан Ийе Өз патшасын
уллы жеңислерге
еристирер,
Майлаған патшасы Даўытқа
ҳәм оның урпағына,
Мәңгиге мийрим-шәпәәтин
көрсетер.

# 18

1 *Атқарыўшылардың жетекшисине. Даўыттың жыры*

2 Қудайдың уллылығын көклер
жәриялап турады,
Оның дөретпеси ҳаққында
аспан гүмбези хабарлайды.
3 Буны күн күнге жәриялайды,
Түн түнге мәлим қылады.
4 Ол жерде бир сөз де, бир гәп те
айтылмас,
Шықпас олардан ҳеш қандай сес.
5 Бирақ хабарлары ҳәр тәрепке
тарқалар,
Сөзлери дүньяның төрт
тәрепине жетип барар.

Қудай қуяш ушын көклерде
шатыр қурды.
6 Қуяш шымылдықтан шыққан
күйеў балаға уқсайды,
Жуўырмақшы болған
жуўырыўшы яңлы
қуўанады.
7 Аспанның бир шетинен шығып,
Жолын басқа бир шетине қарай
даўам етеди,
Оның ҳәўиринен ҳеш нәрсе
жасырына алмайды.

8 Жаратқан Ийениң нызамы
минсиз,
Ол жанға жан қосар,
Жаратқан Ийениң буйрықлары
исенимли,
Ол саданы дана қылар.
9 Жаратқан Ийениң пәрманлары
дурыс,
Жүректи шадлыққа толтырар.
Жаратқан Ийениң буйрықлары
анық,
Олар көзлерге нур берер.
10 Жаратқан Ийеден қорқыў
пәклик,
Бул мәңги даўам етер.
Жаратқан Ийениң
қағыйдалары ҳақыйқат,
Барлығы әдилдур.
11 Булар алтыннан, сап алтыннан
да қәдирли,
Пал көзгенектен тамған палдан
да мазалы.
12 Булар қулың болған маған
нәсият берер,
Оларға әмел қылғанлар уллы
сый алар.
13 Ким өз қәтесин көре алады?
Билмей қылған гүналарымнан
Өзиң пәкле.
14 Биле тура гүна ислеўден сақла
қулыңды,
Гүнаның мени басқарыўына
жол қойма!
Сонда мен минсиз боламан,
Аўыр гүнадан да узақта
боламан.

15 Аўзымнан шыққан сөзлер,
Жүрегимдеги ой-пикирлер,
Сениң алдыңда мақул болсын,
Жаратқан Ийе, қорғаўшы
жартасым, әмеңгерим!

# 19

1 *Атқарыўшылардың жетекшисине. Даўыттың жыры*

2 Қыйыншылықта қалғаныңда,
Жаратқан Ийе жуўап
берсин,

Яқыптың Қудайының аты сени
аман сақласын!
3 Жәрдем жиберсин саған
мухаддес Ибадатханасынан,
Сионнан Ол саған сүйениш
болсын.
4 Барлық садақаларыңды ядында
сақласын,
Жандырылатуғын
қурбанлықларыңа ыразы
болсын! Селаҳ
5 Кеўлиңдегини берсин саған,
Барлық жобаларыңды жүзеге
асырсын!
6 Сонда жеңисиң ушын шадланып
бақырамыз,
Қудайымыздың аты менен
байрақларымызды
орнатамыз,
Жаратқан Ийе барлық
тилегиңди жүзеге асырсын.

7 Билемен, Жаратқан Ийе Өзи
майлаған патшаға жеңис
берер,
Оң қолының қутқарыў күши
менен,
Мухаддес аспанынан оған
жуўап берер.
8 Базылар саўаш арбаларға,
Базылар атларға исенеди,
Бизлер Қудайымыз Жаратқан
Ийениң атын айтып
шақырамыз.
9 Олар қулап, жерге шөгеди,
Бизлер турып, тиклеймиз
қәддимизди.

10 Жаратқан Ийе, патшамызға
жеңис сыйла,
Жуўап бере гөр Саған
жалбарынғанымызда!

# 20

1 *Атқарыўшылардың жетекшисине. Даўыттың жыры*

2 Жаратқан Ийе, қудиретиңе
патша қуўанар,
Берген жеңисиңе сондай
шадланар!
3 Жүрегиндеги арзыў-әрманына
жеткердиң,
Аўзынан шыққан тилегинен бас
тартпадың. Селаҳ
4 Оны уллы жарылқаўлар менен
қарсы алдың,
Басына сап алтыннан таж
кийдирдиң.
5 Сеннен өмир сорағанда, өмир
бердиң,
Узақ, мәңги-бақый өмир
сыйладың.
6 Жеңис берип, оны уллы даңққа
бөледиң,
Оны салтанат ҳәм уллылыққа
бөледиң.
7 Оның үстине мәңги берекет
жаўдырдың,
Қасында болып, шадлыққа
толтырдың.

8 Патша Жаратқан Ийеге үмит
байлайды,
Қудай Тааланың сүйиспеншилиги
арқалы сүрникпейди.

9 Қолың барлық душпанларыңды,
Оң қолың Сени жек
көретуғынларды табады.
10 Жаратқан Ийе, Сен келген
ўақтыңда,
Қызған тандырдай қыласаң
оларды.
Өз ғәзебиң менен оларды
жутып,
Жалын менен жандырасаң.

11 Жоқ етесең урпақларын жер
жүзинен,
Зүрядын адамлар арасынан.
12 Душпанларың жаманлық
жобасын дүзип,
Саған қарсы жаўызлық ойласа да,
Олар ҳеш нәрсеге ерисе алмайды.
13 Оқ жайынды керип, жүзине
гөзлеп,
Артына қашыўға мәжбүрлейсең.

14 Уллылығың менен көтерил,
Жаратқан Ийе!
Қүдиретиңди саз шертип,
жырлайық.

# 21

1 *Атқарыўшылардың жетекшисине. «Таңдағы суўын» намасына айтылады. Дәўиттиң жыры*

2 Қудайым, Қудайым! Неге мени
таслап кеттиң?
Неге меннен соншелли
узақтасаң?
Не ушын маған жәрдем
бермейсең,
Шеккен налаларымды
еситпейсең?
3 Қудайым! Күн бойы шақыраман,
жуўап бермейсең,
Түн бойы шақыраман, еле
тынышлық таппадым.
4 Сен мухаддессең,
Израилдың алғыслары үстине
тахт қурғансаң.
5 Саған үмит қылды ата-
бабаларымыз,
Үмит байлады, Сен оларды
қутқардың.
6 Саған жалбарынып, азат болды,
Саған үмит байлап, алданып
уятқа қалмады.
7 Бирақ мен адам емес, қуртпан,
Адамлар мени кемситеди,
халық жек көреди.
8 Мени көргенлердиң ҳәммеси
үстимнен күледи,
Басларын шайқап былай дейди:
9 «Жаратқан Ийеге өзин
тапсырды, оны қутқарсын,
Оннан кеўли толса, Оның Өзи
жәрдем берсин!»

10 Сен едиң мени ана қарнынан
шығарған,
Сен едиң емизиўли ўақтымда
мени аман сақлаған.
11 Туўылмасымнан алдын, Сениң
ғамхорлығыңа өткенмен,
Анамның қарнынан берли,
Қудайым Сенсең.
12 Меннен узақ болма,
Апат жақын маған,
Жәрдем беретуғын ҳеш ким
жоқ.

13 Сүзетуғын буғалардай қоршап
атыр көп душпанлар,
Башанның күшли буғаларындай
дөгереклеп тур.
14 Ақырған жыртқыш арыслан
яңлы,
Олар маған қарсы аўзын ашып
турыпты.
15 Суў сыяқлы төгилдим,
Барлық сүйеклерим
буўынларынан босасты,
Мумдай болып, жүрегим
ишимде ериди.
16 Кеўип қалған гүлалдай ҳал-
дәрманым қалмады,
Тилим таңлайыма жабысты,
Мени өлим топырағына
жатқыздың.
17 Әтирапымда ийтлер ызғып жүр,

Жаўызлар топары дөгерегимди
қоршап тур.
Аяқ-қолларымды тесип атыр.
18 Барлық сүйеклеримди санай
аламан,
Душпанларым маған тигилип,
тамаша қылып тур.
19 Кийимлеримди өз ара бөлиспекте,
Липасларым ушын шек
тасламақта.

20 Меннен узақ болма, Жаратқан
Ийе,
Күш-қуўатым мениң, жәрдемге
асық!
21 Жанымды қылыш жүзинен,
Өмиримди ийтлердиң
пәнжесинен қутқар!
22 Қутқар мени арысланның
аўзынан,
Жабайы буғалардың шақынан,
Жалбарыныўыма жуўап бердиң.
23 Туўысқанларыма Сениң
атыңды жәриялайман,
Жәмийет алдында Саған алғыс-
мақтаў айтаман.

24 Ҳәй, Жаратқан Ийеден
қорқатуғынлар,
Оған алғыс-мақтаў айтыңлар!
Оны даңққа бөлең, ҳәй, Яқып
урпағы!
Оған ҳүрмет көрсетиң, ҳәй,
Израил урпағы!
25 Езилгенниң қайғы-ҳәсиретин
көрип,
Ол тиксинип, жеркенип
қарамады.
Ал оннан жүзин жасырмай,
қулақ салды пәриядына.

26 Уллы жыйында алғыс-мақтаў
айтыўымның себеби Сенсең,
Сеннен қорққанлардың
алдында ўәделеримди
орынлайман.
27 Жарлылар жеп тояды,
Сени излегенлер алғыс-мақтаў
айтады,
Олардың өмири узақ ҳәм шад
болады!
28 Жер жүзиниң барлығы
Жаратқан Ийени еслеп,
Оған қайтады,
Дүньядағы барлық миллетлер
Оның алдында тәжим
қылады.
29 Патшалық Жаратқан Ийеге
тийисли,
Барлық миллетлерге Ол
ҳүкимдарлық қылады.

30 Жер жүзиндеги барлық байлар
ишип-жеп, Оған тәжим
қылады,
Ҳәтте, топыраққа кететуғын
ҳәм жанын сақлай
алмайтуғынлар да,
Оның алдында дизе бүгип, бас
ийеди.
31 Келешек әўладлар Оған хызмет
етеди,
Туўылатуғын нәсиллерге
Ийемиз ҳаққында
жәрияланады.
32 Олар келип, Жаратқан Ийениң
қутқарыў жолын,
Оның қылған ислерин еле
туўылмағанларға жеткереди.

# 22

1 *Даўыттың жыры*
Жаратқан Ийе
шопанымдур,
Мен мүтәжлик көрмеспен.
2 Мени жасыл жайлаўларда
жатқызар,

Тыныш ағын суў бойына алып
барар.
3 Ол жанымды қайта тиклеп,
Өз аты ушын мени туўры жолға
жетеклер.
4 Ҳәттеки, өлим қараңғылығы
яңлы,
Сол ойпатлықтан өтсем де,
Қорқпайман қәўип-қәтерден.
Сен мениң менен биргесең,
Ҳасаң, шопанлық таяғың,
Тынышлық берер маған.

5 Көз алдында душпанларымның,
Мен ушын дастурхан жаясаң.
Басыма май сүртип,
Кесемди мениң толтырасаң.
6 Өмирим бойы жақсылық ҳәм
сүйиспеншилик изимнен
жүрер,
Жаратқан Ийениң Үйи мәңги
мәканым болар.

# 23

1 *Даўыттың жыры*
Жаратқан Ийеге тийисли
жер жүзи ҳәм оны
толтырып турғанлар,
Әлем ҳәм онда жасайтуғынлар.
2 Ол теңизлердиң үстине жерди
орнатып,
Оны беккемледи суўлар үстине.

3 Жаратқан Ийениң таўына ким
шығыўы мүмкин?
Оның мухаддес жеринде ким
турыўы мүмкин?
4 Қоллары пәк, жүреги таза
болған,
Кеўлин жалған нәрселерге
бермеген,
Жалғаннан ант ишпеген адам.
5 Ол Жаратқан Ийеден жарылқаў
алады,
Қутқарыўшысы Қудай оны
ақлайды.
6 Жаратқан Ийени излегенлер,
Оның жүзин көриўди тилеген
Яқыптың нәсили сондай
болады. Селаҳ

7 Кең ашылың, ҳәй дәрўазалар!
Ашылың, ҳәй әзелги қапылар!
Уллы Патша кирсин ишке!
8 Ким бул уллы Патша?
Ол – Жаратқан Ийедур, күшли
ҳәм қүдиретли,
Саўашларда қүдиретли болған
Жаратқан Ийе.
9 Көтерилип ашылың, ҳәй
дәрўазалар!
Ашылың, ҳәй әзелги қапылар!
Уллы Патша кирсин ишке!
10 Ким бул уллы Патша?
Ол – Әлемниң Жаратқан Ийеси,
Ол – уллы Патша! Селаҳ

# 24

1 *Даўыттың жыры*
Жаратқан Ийе, пүткил
барлығым менен Саған
жақынласаман,
2 Қудайым, Сеннен үмит қыламан,
Мен уятқа қалмайын,
Душпанларым меннен үстин
шығып, йошланбасын.
3 Саған үмит байлаған ҳасла уятқа
қалмас,
Себепсиз қыянетететуғынлар
уятқа қалар.

4 Жаратқан Ийе, жолларыңды
көрсет,
Өз соқпақларыңды түсиндир
маған.
5 Ҳақыйқатлыққа жетелеп, үйрет
маған,
Қутқарыўшым Қудай Өзиңсең.

Күни бойы үмитим Сеннен.
6 Жаратқан Ийе, рехиминди хәм
сүйиспеншилигинди есле,
Бардур булар әзелден бери.
7 Еске алма жаслықтағы гүна хәм
қылмысларымды,
Сүйиспеншилигиң хәм
ийгилигиң ҳақы,
Мени есле, Жаратқан Ийе.

8 Жаратқан Ийе жақсы хәм
әдалатлыдур!
Соның ушын, гүнакарларға
жол көрсетер.
9 Кишипейиллерди әдиллик
жолы менен алып жүрер,
Оларға Өз жолын үйретер.
10 Келисимдеги шәртлерге әмел
қылғанлар ушын,
Жаратқан Ийениң соқпақлары
сүйиспеншилик хәм
садықлыққа толыдур.

11 Мениң айыпларым көп,
Жаратқан Ийе, Өз атың ушын,
Айыпларымды кешир.
12 Ким Жаратқан Ийеден қорқса,
Жаратқан Ийе оған
таңлайтуғын жолды
көрсетер.
13 Ол адам бахытлы жасар,
Оның нәсили елди мүлик етип
алар.
14 Жаратқан Ийе Өзинен
қорққанларға сырлас болар,
Келисимин оларға билдирер.
15 Көзлерим хәмме ўақытта
Жаратқан Ийе тәрепте,
Ол азат қылар тордан
аяқларымды.
16 Аўҳалыма қара, рехим қыл
маған,
Жалғызбан хәм езилгенмен.
17 Артып бармақта жүрегимдеги
қайғылар,
Усы дәртлерден мени қутқар!
18 Азап-ақыретиме қара,
Кешир барлық гүналарымды!
19 Душпанларыма қара, қаншелли
көбейген,
Жаўызларша олар мени жек
көреди!
20 Жанымды сақлап, қутқара гөр!
Шерменде қыла гөрме,
Мен Сеннен пана тапқанман!
21 Шынлық хәм әдиллик мени
қорғасын,
Саған үмит байлағанман.

22 Қудай, қутқар Израилды,
Барлық қайғы-ҳәсиретлеринен.

# 25

1 *Даўыттың жыры*
Мени ақла, Жаратқан
Ийе,
Мен пәк жолдан жүрдим,
Екиленбестен Жаратқан Ийеге
үмит байладым.
2 Жаратқан Ийе, мени тексерип,
имтиханнан өткер,
Жүрегим хәм нийетимди сынап
көр.
3 Сүйиспеншилигиң көз алдымда,
Сениң садықлығың мени
жетеклер.
4 Өтирикшилер менен бирге
отырмайман,
Еки жүзлилер менен дос
болмайман.
5 Напәклер топарын жек көремен,
Зулымлардың арасында
отырмайман.
6 Көрсетиў ушын
айыпсызлығымды,
Жуўаман қолларымды,
Жаратқан Ийе,

Қурбанлық орныңды айланып
жүремен.
7 Бәлент даўыс пенен алғыс
қосығын айтаман,
Тәрийиплеймен, барлық
әжайып ислериңди.
8 Жақсы көремен, Жаратқан Ийе,
Сен мәкан қылған Үйди,
Сениң салтанатың орналасқан
жерди.

9 Гүнакарлар менен бирге
жанымды алма,
Қанхорлар қатарында өмириме
шек қойма.
10 Жаўыз жоба дүзеди олардың
қоллары,
Оң қоллары параға толы.
11 Ал мен пәк өмир сүремен,
Қутқар мени, рeҳим қыл маған!

12 Аяқларым тегис жерде
турыпты,
Жаратқан Ийе, уллы жыйында
алғыслайман Сени.

# 26

1 *Даўыттың жыры*
Жаратқан Ийе мениң
нурым ҳәм қутқарыўшым,
Мен кимнен қорқаман?
Жаратқан Ийе өмиримниң
қорғаны,
Мени ким қорқыта алады?
2 Денемди тилкимлеў ушын
жаўызлар үстиме
бастырып келгенде,
Жаўларым ҳәм душпанларым
маған қарсы шабыўыл
жасағанда,
Өзлери сүрнигип, қулайды.
3 Бир орда ләшкер мени қамал
қылса да,
Жүрегим қорқпас,
Маған қарсы урыс басланса да,
Үмитим үзилмес.

4 Жаратқан Ийеден бир тилегим
ҳәм излегеним мынаў:
Жаратқан Ийениң Үйинде
өмир бойы жасаў,
Оның гөззаллығын көриў,
Ибадатханасында сыйынып, ой
жуўыртыў.
5 Апатта қалған күнлеримде,
Ол мени Өз панасында аман
сақлайды.
Шатырының ишине жасырып
мени,
Бәлент жартас үстине алып
шығады.
6 Сонда әтирапымдағы
душпанларым үстинен,
Басым жоқары көтериледи.
Жаратқан Ийениң шатырында
қурбанлық беремен,
Шадланып, алғыслаў
қурбанлығын беремен,
Саз шертип, Оны жырлайман.

7 Жаратқан Ийе, қулақ сал
даўысыма, Саған
жалбарынаман,
Реҳим етип, жуўап бер маған!
8 «Мениң жүзимди изле!»
дегениңди кеўлим еситти,
Аўа, Жаратқан Ийе, Сениң
жүзиңди излеймен.
9 Жүзиңди меннен жасырма,
Ғәзепленип, қулыңнан жүз
бурма!
Жәрдемшим Сен болдың,
Жүз бурып, мени тәрк етпе,
Қудай, қутқарыўшым мениң!
10 Ата-анам мени таслап кетсе де,
Жаратқан Ийе мени қабыл
етеди.

11 Жаратқан Ийе, жолыңды үйрет
маған,
Буққыда жатқан душпанларыма
бола,
Туўры соқпақларыңнан жетеле
мени.
12 Жаўларымның қолына
тапсырма мени,
Жалған гүўалар, наҳақ
айыплаўшылар,
Маған қарсы шықты.

13 Бирақ мынаған анық исенемен:
Мен тирилер әлеминде жүрип,
Жаратқан Ийениң ийгилигин
көремен.

14 Жаратқан Ийеге үмит қыл,
Күшли ҳәм мәрт бол,
Жаратқан Ийеге үмит қыл.

# 27

1 *Даўыттың жыры*
Саған жалбарынаман,
Жаратқан Ийе,
Қорғаўшы жартасым, еситпей
қалма даўысымды.
Егер маған жуўап бермей,
үнсиз қалсаң,
Өлим шуқырына түскен
адамдай болып қаламан.
2 Сени жәрдемге шақырғанымда,
Қолларымды мухаддес
Ибадатханаңа созғанымда,
Қулақ сал жалбарыныўларыма.
3 Мени жаўызлар ҳәм наҳақлық
қылатуғынлар менен,
Бир қатарға қойып, жазалама.
Олар адамлар менен досларша
қатнаста болып,
Жүреклеринде жаўызлық
ислеўди нийет қылар.

4 Қылмысларының, ислеген
жаўызлықларының есесин
қайтар,
Қоллары менен ислеген
наҳақлықларына жараса
жаза бер.
5 Олар итибар бермес Жаратқан
Ийениң ислерине,
Оның қолларының дөретпесине.
Соның ушын, Жаратқан Ийе
оларды қулатады,
Олар қайтадан тиклене алмайды.

6 Жаратқан Ийеге алғыслар
болсын!
Ол қулақ салды мениң
жалбарыныўларыма.
7 Жаратқан Ийе күш-қуўатым
ҳәм қалқанымдур,
Жүректен Оған үмит етемен,
Ол маған жәрдем берди,
жүрегим йошланар,
Қосықларым менен Оған алғыс
айтаман.

8 Жаратқан Ийе Өз халқының
қүдиретидур,
Өзи майлаған патшаның
қутқарылыў қорғаныдур.
9 Халқыңды қутқар, Өз меншик
халқыңды жарылқа,
Олардың шопаны бол, мәңги
ғамхорлық қыл!

# 28

1 *Даўыттың жыры*
Ҳәй, илаҳий барлықлар,
Жаратқан Ийени алғыслаң,
Жаратқан Ийениң салтанатын
ҳәм қүдиретин алғыслаң,
2 Жаратқан Ийениң уллы атын
алғыслаң,
Мухаддес сән-саўлатқа
бөленген Жаратқан Ийеге
сыйының!

3 Суў бетинде еситилер Жаратқан
Ийениң даўысы,
Уллы Қудай гүркиреп, даўыс
шығарар,
Шексиз суў бетинде еситилер
Жаратқан Ийениң
жаңғырығы.
4 Жаратқан Ийениң даўысы
күшлидур,
Жаратқан Ийениң даўысы
салтанатлыдур.
5 Жаратқан Ийениң даўысы кедр
ағашларын сындырар,
Ҳәттеки, Лебанондағы кедр
ағашларын майдалап таслар.
6 Ол Лебанон таўын бузаўдай
етип,
Сирйон таўын жабайы танадай
етип, секиртер.
7 Шақмақ шақтырар Жаратқан
Ийениң даўысы,
8 Шөлистанды титиретер Оның
даўысы,
Жаратқан Ийе Қадеш шөлин
ләрзеге салар.
9 Жаратқан Ийениң даўысы
суўынларды туўдырар,
Тоғайларды жалаңашлар.
Оның Ибадатханасында ҳәмме
«Даңқ болсын!» деп
бақырысар.
10 Жаратқан Ийе топан суўы
үстине тахтын қурды,
Ол мәңги патша болып қалады.
11 Жаратқан Ийе Өз халқына күш
бағышлар,
Халқын тынышлық пенен
жарылқар!

# 29

1 *Даўыттың жыры.
Жаратқан Ийениң үйи
бағышланған ўақытта ай-
тылған қосық*

2 Сени уллылайман, Жаратқан
Ийе,
Мени жоқары алып шықтың,
Душпанларымның мениң
үстимнен,
Күлиўине жол қоймадың.
3 Қудайым Жаратқан Ийе,
Саған жалбарындым, маған
шыпа бердиң.
4 Жаратқан Ийе, жанымды
өлилер мәканынан алып
шықтың,
Өлим шуқырына түсип
баратырғанымда, мени
қутқардың.
5 Ҳәй Жаратқан Ийениң садық
қуллары,
Саз шертип, Оны алғыслаң,
Оның мухаддес атын
тәрийиплең!
6 Оның ғәзеби бир мезгил,
Ал меҳрибанлығы бир өмир
даўам етер.
Қайғы-азап бир түн болар,
Бирақ азан менен қуўаныш
кирип келер.

7 Әўметли болып, исим
жүрискенде,
«Ҳасла сүрникпеспен!» – деген
едим.
8 Жаратқан Ийе, меҳриң менен,
Мени таўдай қылып беккемлединң.
Бирақ Сен жүзинди
жасырғанында,
Қорқыныш бийлеп алды мени.

9 Жаратқан Ийе, Сени шақырдым,
Ийеме жалбарынып, реҳим
сорадым:
10 «Егер мен кирсем қәбирге,
Өлимимнен Саған не пайда?
Топырақ Саған алғыс айта ма?

Сениң садықлығыңды
жәриялай ма?
11 Қулақ сал, Жаратқан Ийе,
маған рeҳим қыл,
Жәрдемшим бол, Жаратқан
Ийе!»

12 Қайғымды ойын-күлкиге
айландырдың,
Аза кийимимди шешип,
шадлыққа бөледиң.
13 Жаным Сени алғыслап қосық
айтсын, үнсиз қалмасын,
Саған мәңги миннетдаршылық
билдиремен, Қудайым
Жаратқан Ийе.

(Заб 70:1-3)

# 30

1 *Атқарыўшылардың жетекшисине. Даўыттың жыры*

2 Жаратқан Ийе, Сени
паналайман,
Мени ҳасла шерменде қылма!
Әдалатлығың менен қутқар
мени!
3 Маған қулағыңды түрип, дәрҳал
қутқар мени,
Паналайтуғын жартасым бол,
Қутқарылыўым ушын, беккем
қорған бол!
4 Шынында да, Сен жартасым ҳәм
қорғанымсаң,
Өз атың ушын мени жетеле,
жол көрсет маған.
5 Маған қарсы қойылған тордан
узақлат мени,
Өзиңсең мениң панам.
6 Жанымды қолларыңа
тапсыраман,
Жаратқан Ийе, садық Қудай,
қутқар мени.
7 Жарамсыз бутларға
табыныўшылардан
жеркенемен,
Жаратқан Ийеге үмит
байлайман.
8 Садықлығың арқалы йошып,
шад болайын,
Қайғыларымды Өзиң көрдиң,
Шеккен азапларымды билесең.
9 Мени душпанның қолына
тапсырмадың,
Ал аяқларымды кең жерге
бастырдың.

10 Рeҳим қыл маған, Жаратқан
Ийе, қыйыншылықтаман,
Қайғыдан көзлеримниң нуры
сөнди,
Жан-тәним де тамам болды.
11 Өмирим азап пенен,
Жылларым аҳ урыў менен
таўысылар,
Гүналарым себепли күшим
қайтып,
Сүйеклерим қуўрап қалар.
12 Душпанларым себепли жек
көринишли болдым,
Әсиресе өз қоңсыларыма.
Досларым да аўҳалымды көрип
қорқады,
Көшеде көргенлер меннен
қашатуғын болды.
13 Марҳум сыяқлы умыт болдым
мен,
Сынып қалған ыдысқа
уқсайман.
14 Көплердиң өсек сөзлерин
еситип атырман,
Олар маған қарсы тил
бириктирди,
Жанымды алыў ушын жоба
дүзди,
Әтирапымды қорқыныш орап
алды.

15 Жаратқан Ийе, мен Саған үмит
байлайман,
«Қудайым Сенсең!» деп айтаман.
16 Тәғдирим Сениң қолыңда,
Мени душпанларымның
қолынан,
Қутқара гөр изиме түскенлерден.
17 Сениң жүзиң қулыңа нурын
шашсын,
Сүйиспеншилигиңди көрсетип,
қутқар мени!
18 Шерменде қылма мени,
Жаратқан Ийе,
Жәрдем сорап, Саған
жалбарынаман.
Жаўызлар шерменде болсын,
Өлилер мәканында үнлери
өшсин.
19 Менменлик пенен, жоқарыдан
қарап,
Ҳақ адамнан жеркенип, оны
кемситип сөйлегенниң,
Өшсин жалған сеслери.

20 Ийгилигиң соншелли молдур,
Жаратқан Ийе,
Оны Өзиңнен қорққанлар
ушын сақлайсаң,
Ҳәмменің көз алдында,
Сеннен пана тапқанларға
жақсы қатнас қыласаң.
21 Адамлардың жаўыз
жобасынан,
Дәргайыңда пана болып,
оларды қорғайсаң,
Жаман тиллерден,
Өз пананда сақлайсаң.

22 Жаратқан Ийеге алғыслар
болсын,
Қамалдағы қалада қалғанымда,
Әжайып мийрим-шәпәәтиңди
көрсеттиң маған.
23 Қорқынышқа түсип, былай
дедим:
«Сениң дәргайыңнан
шығарылдым!»
Бирақ жәрдемге шақырғанымда
Сени,
Еситтиң мениң
жалбарыныўымды.

24 Жаратқан Ийени сүйиң, ҳәй
Оның садық қуллары!
Жаратқан Ийе исенимли
адамларды қорғайды,
Менменлерге толық жаза береди.
25 Ҳәй, Жаратқан Ийеге үмит
байлағанлар,
Күшли болың ҳәм мәрт болсын
жүрегиңиз!

# 31

1 *Даўыттың нәсият жыры*
Қылмыслары
кеширилгенлер,
Гүналары алып тасланғанлар
қандай бахытлы!
2 Жаратқан Ийе тәрепинен
айыплы саналмаған,
Кеўлинде сумлық болмаған
адам қандай бахытлы!

3 Гүнамды мойынлаўдан бас
тартқанымда,
Зар жылап жүргенликтен күни
бойы,
Сүйеклерим кеўип қалды.
4 Күни-түни қолың үстимде аўыр
жүк болды,
Саратан ыссысының
қурғақшылығы яңлы,
дәрманым қалмады. Селаҳ
5 Сонда гүнамды алдыңда
мойынладым,
Айыбымды жасырмай, былай
дедим:

«Жаратқан Ийениң алдында
қылмысымды тән аламан».
Ал Сен айып-гүналарымды
кеширдиң. Селаҳ
6 Соның ушын, ҳәр бир садық
қулың,
Мүмкиншилик бар ўақытта
дуўа етсин.
Сонда топан суўы тасып кетсе
де, оған жетип бармас.
7 Сен мениң панамсаң,
Мени қәўип-қәтерден сақлайсаң,
Маған берген қутқарылыўың
себепли,
Әтирапымдағыларды шадлыққа
бөледиң. Селаҳ

8 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Саған ақыл-нәсият беремен,
Жүретуғын жолыңды
көрсетемен,
Мәсләҳәт берип, нәзеримнен
қашырмайман.
9 Ат ямаса ғашырдай ойсыз болмаң,
Суўлық ҳәм жүўен керек
оларды жолға салыў ушын,
Болмаса, олар бойсынбайды».
10 Напәклердиң азабы көп болады,
Бирақ Жаратқан Ийеге үмит
еткенлерди,
Оның сүйиспеншилиги қоршап
алады.
11 Ҳәй, ҳақ адамлар,
Жаратқан Ийеде қуўанып,
шадланың,
Ҳәй, жүреги пәк болғанлар,
Ҳәммеңиз шадланып бақырың!

# 32

1 Ҳәй, ҳақ адамлар,
Жаратқан Ийеде
шадланып бақырың!
Әдил адамларға жарасар Оған
алғыс-мақтаў айтыў.
2 Лира[а] шертип, Жаратқан Ийени
тәрийиплең,
Он тарлы арфада Оған арнап
нама шалың.
3 Оған арнап таза қосық айтың,
Бәлент даўыс пенен шадланып,
саз шертиң.

4 Жаратқан Ийениң сөзи
ҳақыйқатдур,
Оның ҳәр бир иси исенимлидур.
5 Жаратқан Ийе ҳақлықты ҳәм
әдалатлықты сүйер,
Жер жүзи Оның
сүйиспеншилигине толар.

6 Көклер Жаратқан Ийениң
буйрығы менен,
Аспан денелери аўзынан
шыққан сөзи менен
жаратылған.
7 Ол теңиз суўларын бир жерге
жыйнар,
Түпсиз суўларды суў
сақлағышларға сыйдырар.
8 Пүткил дүнья жүзи Жаратқан
Ийеден қорқсын,
Жер жүзинде жасап
атырғанның барлығы
Оннан сескенсин.
9 Ол сөйледи, айтқаны бар болды,
Буйрық берди, ҳәммеси пайда
болды.
10 Жаратқан Ийе миллетлердиң
жобаларын бузар,
Халықлардың нийетлерин
босқа шығарар.
11 Бирақ Жаратқан Ийениң
жобалары мәңги турар,

---

а **32:2** *Лира* – бармақ пенен шертилетуғын тарлы саз әсбабы.

Жүрегиндеги нийетлери
әўладтан-әўладқа даўам
етер.

12 Қандай бахытлы, Қудайы
Жаратқан Ийе болған
миллет,
Қандай бахытлы, Жаратқан
Ийе таңлап алған халық.
13 Жаратқан Ийе көктен көз
таслар,
Пүткил адамзатты көрер.
14 Ол тахтта отырған жеринен,
Гүзетер жер жүзинде
жасайтуғынлардың
ҳәммесин.
15 Ол ҳәммениң жүрегин жаратқан,
Олардың ислериниң ҳәммесин
билер.

16 Әскери көп болғаны менен,
патша қутқарылмас,
Уллы күши менен жаўынгер
жеңе бермес.
17 Жеңис ушын саўаш атлары бос
үмитдур,
Олар қүдиретли күши менен
қутқара алмас.
18 Жаратқан Ийениң көзи Өзинен
қорқатуғынларда,
Оның сүйиспеншилигинен
үмит ететуғынларда.
19 Олардың жанын өлимнен
қутқарар,
Ашлық дәўирде оларды тири
қалдырар.

20 Жанымыз Жаратқан Ийеден
үмит етер,
Ол жәрдемшимиз ҳәм
қалқанымыз.
21 Ол арқалы жүрегимиз
қуўанышқа толар,
Оның мухаддес атына үмит
байлаймыз.
22 Жаратқан Ийе, мудамы үмит
байлаймыз Саған,
Сүйиспеншилигиң бизлерге яр
болсын!

## 33

1 *Абимелехтиң алдында
өзин ақылы кемис қылып
көрсетип, оның алдынан
қуўылған ўақытта*[a] *Даўыт-
тың айтқан жыры*
2 Ҳәмме ўақытта Жаратқан Ийеге
алғыс айтаман,
Алғыс-мақтаў түспейди
аўзымнан.
3 Жаратқан Ийе менен мақтанар
жаным,
Езилгенлер еситип, шад болсын!
4 Мениң менен бирге Жаратқан
Ийени уллылаң,
Атын биргеликте даңққа бөлейик.

5 Жаратқан Ийеге жалбарындым,
Ол жуўап берди маған,
Мени азат етти барлық қәўип-
қәтерден.
6 Оннан үмит қылғанлардың
жүзлеринде нур
жарқырайды,
Уятқа қалып, жүзлери
қызармайды.
7 Мен езилип жалбарындым,
Жаратқан Ийе еситти,
Мени барлық азапларымнан
азат етти.
8 Жаратқан Ийеден
қорқатуғынлардың
әтирапына,

---

a **33:1** 1Пат 21:10-15.

Оның периштелери орда қурып,
қутқарар оларды.
9 Жаратқан Ийениң жақсылығын
татың ҳәм көриң.
Қандай бахытлы Оннан пана
тапқанлар.
10 Жаратқан Ийеден қорқың, ҳәй,
Оның мухаддеслери,
Оннан қорққанлардың болмас
мүтәжлиги.
11 Ҳәттеки, арысланлар аш ҳәм
мүтәж болар,
Бирақ ҳеш қандай мүтәжлик
көрмес Жаратқан Ийеге
келгенлер.
12 Келиң, ҳәй балалар, тыңлаң
мени,
Үйретейин сизлерге Жаратқан
Ийеден қорқыўды.
13 Ким өмирден заўықланып,
Жақсы күнлер келиўин
қәлейди?
14 Онда, тилиңизди жаман сөзден,
Аўзыңызды өтирик сөз
айтыўдан тыйың.
15 Жаманлықтан қашып,
жақсылық ислең,
Тынышлыққа умтылып, соған
күш салың.

16 Жаратқан Ийениң көзи ҳақ
адамларда,
Қулағын түрер олардың дадына.
17 Жаратқан Ийе жаманлық
қылатуғынларға қарсы
шығар,
Жер жүзинен олардың атларын
өширер.

18 Ҳақ адамлар жалбарынар,
Жаратқан Ийе еситер,
Барлық азапларынан оларды
азат етер.
19 Жаратқан Ийе кеўли
қабарғанларға жақындур,
Руўхы езилгенлерди қутқарар.

20 Ҳақ адамның қайғылары көп
болса,
Жаратқан Ийе булардан оны
азат қылар,
21 Барлық сүйеклерин аман сақлар,
Сындырылмас оның бир
сүйеги де.

22 Жаманлық залымды өлтирер,
Ҳақ адамнан жеркенген жаза
алар.
23 Өз қулларын Жаратқан Ийе
қутқарар,
Ҳеш қандай жаза алмас Оннан
пана тапқанлар.

# 34

1 *Даўыттың жыры*
Жаратқан Ийе, маған
қарсы болғанларға Өзиң
қарсы шық,
Маған ҳүжим қылғанларға
Өзиң қарсы ҳүжим қыл!
2 Үлкен ҳәм кишкене қалқан алып,
Маған жәрдемге кел!
3 Мени қуўып киятырғанларға
қарсы,
Найза ҳәм балтаңды ал.
«Сени Мен қутқараман», – деп
ўәде бер маған!

4 Жаныма қаслық қылып
жүргенлер,
Уятқа қалып, масқара болсын!
Маған қарсы жаўыз нийет
еткенлер,
Шермендеси шығып, артқа
шегинсин!
5 Олар самалда ушқан қаўық
сыяқлы болсын,

Жаратқан Ийе, Сениң
периштең изине түссин!
6 Қараңғы ҳәм сырғанақ болсын
олардың жолы,
Жаратқан Ийе, Сениң
периштең қуўсын оларды!

7 Себепсиз маған тор қурды,
Мени тутып алыў ушын,
себепсиз шуқыр қазды.
8 Тосаттан олардың басына апат
келсин,
Қойған торына өзлери түссин,
Қазған шуқырына өзлери
қуласын.

9 Сонда Жаратқан Ийе, Сен
арқалы шадланаман,
Мени қутқарғаның ушын
қуўанаман.
10 Пүткил барлығым былай дейди:
«Ҳәлсизди күшлиниң қолынан,
Бийшара ҳәм жарлыны
тонаўшылардан
қутқаратуғын,
Саған уқсаған ким бар,
Жаратқан Ийе?»

11 Жаўыз нийетли гүўалар турып,
Билмейтуғын нәрселер
ҳаққында меннен сорар.
12 Олар жақсылығыма жаманлық
қайтарар,
Жаным жалғызланып қалды.
13 Олар кесел болған ўақытта,
Аза кийим кийип, ораза
туттым.
Басымды ийип, дуўа қылдым.
14 Достым, туўысқаным, деп
қайғырдым,
Анам ушын аза тутқандай етип,
Қайғыдан басымды ийип
жүрдим.

15 Олар болса, жығылғанымда
жыйналып, шад болды,
Маған қарсы жыйналды
бийтаныс адамлар,
Тоқтамастан мени талап таслады.
16 Қудайсызлардай аямай масқара
қылды,
Маған қарап, тислерин қайрады.

17 Ийем, қашанға дейин қарап
турасаң?
Қутқара гөр жанымды олардың
ҳүжиминен,
Азат қыла гөр бул
арысланлардан!
18 Уллы жәмийет ишинде Саған
шүкир айтаман,
Сансыз халық арасында Саған
алғыс-мақтаў айтаман.

19 Үстимнен күлмесин себепсиз
маған душпан болғанлар,
Көзлерин алартпасын айыпсыз
мени жек көргенлер.
20 Тынышлық сөзин аўзына алмас
олар,
Ал елде тыныш жасап
атырғанларға қарсы,
Жалған сөзлерди ойлап табар.
21 Маған қарсы аўзын кең ашып,
былай деп айтар:
«Ҳәй-ҳәй, өз көзимиз бенен
көрдик қылмысларыңды!»

22 Ҳәммесин көрдиң, Жаратқан
Ийе, үнсиз қалма,
Ийем, меннен узақ болма!
23 Оян, тур, ҳуқықымды қорғап,
Мен ушын гүрес, Қудайым,
Ийем!
24 Әдиллигиңе гөре, мени ақлай
гөр, Қудайым Жаратқан
Ийе!

Үстимнен күлмесин
душпанларым!
25 Олар ишинен былай деп
айтпасын:
«Ҳай-ҳай, болды-ғо бизиң
қәлегенимиз!»
«Оның басына жеттик!» –
демесин.

26 Аўыр аўҳалыма шадланғанлар,
Уялып, шерменде болсын,
Меннен өзлерин үстин
қойғанлар,
Уят ҳәм шерменделикке
шырмалып қалсын.

27 Мениң ҳақ болып шығыўымды
қәлегенлер,
Шадланып бақырып, қуўансын.
Тынбастан былай деп айтсын
олар:
«Қулының аманлығын
қәлеген Жаратқан Ийе
уллылансын!»
28 Сонда күни бойы тилимнен
түспес Сениң әдиллигиң,
Саған арнап алғыс-мақтаў
айтаман.

# 35

1 *Атқарыўшылардың жетекшисине. Жаратқан Ийениң қулы Даўыттың жыры*
2 Наҳақтың гүнасы жүрегинде
сөйлейди.
Қудайдан қорқыў жоқ оның
кеўлинде.
3 Ол өзин жоқары қойып,
Гүнамды Қудай көрмейди,
Ҳүким қылмайды, деп айтады.
4 Аўзынан жаманлық ҳәм жалған
шығар,
Даналықтан ҳәм жақсылық
қылыўдан бас тартар.
5 Ҳәттеки, жатқанда да,
напәкликти ойлар,
Жаман жолға түсип, бас
тартпас жаўызлықтан.
6 Жаратқан Ийе,
сүйиспеншилигиң
көклерге,
Садықлығың бултларға
жайылғандур.
7 Әдиллигиң уллы таўларға
мегзер,
Әдалатың түпсиз теңизге уқсар.
Сен адамзатты да, ҳайўанды да
қорғайсаң, Жаратқан Ийе!

8 Сүйиспеншилигиң қаншелли
баҳалыдур, Қудай!
Қанатларыңның саясында пана
табар адамлар.
9 Олар жеп тояр үйиңдеги
молшылықтан,
Оларға ишкизерсең ләззетке
толы дәрьяңнан.
10 Өмир булағы Сенде,
Жақтылықты көремиз нурың
арқалы.

11 Сени таныйтуғынларға
сүйиспеншилигиңди,
Жүреги пәклерге ҳақлығыңды
көрсет.
12 Менменниң аяғы мени баспасын,
Напәклердиң қоллары мени
қуўмасын.
13 Қара, жаўызлық ислеўшилер
жерге жығылды,
Қайтып тура алмастай етип,
төменге ылақтырылды.

# 36

1 *Даўыттың жыры*
Жаманлық
қылыўшыларға көзиң
қызбасын,

Наҳақлық ислеўшилерге ҳәўес
қылма!
2 Олар майса шөптей тез солып
қалар,
Көк шөптей тез қуўрап қалар.

3 Сен Жаратқан Ийеге үмит
байлап, жақсылық қыл,
Усы елде жасап, садықлықты
сақла.
4 Жаратқан Ийеден заўықлан,
Ол жүрегиңдеги қәлеўиңди
әмелге асырар.

5 Өмир жолыңды Жаратқан
Ийеге тапсыр,
Оған исен, сонда Ол сен ушын
ҳәрекет етер.
6 Ол сениң әдиллигиңди нур
сыяқлы жарқыратып,
Ҳақлығыңды күндизги
қуяштай қылар.

7 Жаратқан Ийениң алдында
сабырлы бол, Оған үмит
байла,
Ҳәўес қылма өз жолында
әўметли болып,
Жаўыз нийетлерин әмелге
асырғанларға.
8 Ғәзебиңди тыйып, ашыўыңды
бас,
Қызба болма, бул тек зыян
алып келер.
9 Жаўызлық етиўшилер жоқ
етилер,
Жаратқан Ийеден үмит
етиўшилер елге ийелик
етер.

10 Тез арада напәктиң күни питеди,
Қанша излесең де, бул жерде
таба алмайсаң оны.
11 Кишипейиллер болса, елге
ийелик қылар,
Мол бахытқа ерисип, рәҳәт
табар.
12 Напәк адам пәк адамға қарсы
жаман нийет қылар,
Оған қарсы тислерин
ғышырлатар.
13 Бирақ Ийе напәклер үстинен
күлер,
Олардың күни питкенин билер.

14 Бийшара ҳәм жарлыны қулатып,
Туўры жолда жүргенлерди
өлтириў ушын,
Напәклер қылышын
жалаңашлап, керди
садақларын.
15 Бирақ қылышлары өзлериниң
жүрегине суғылар,
Садақлары да сынып кетер.

16 Ҳақ адамның аз заты,
Напәктиң байлығынан гөре
абзалдур.
17 Напәктиң күши қырқылар,
Ҳақ адамды болса, Жаратқан
Ийе қоллап қуўатлар.

18 Минсизлердиң ҳәр күни
Жаратқан Ийеге белгили,
Мәңги даўам етер олардың
мийрасы.
19 Уятқа қалмас олар жаман
күнлерде,
Қарынлары тоқ болар ашлық
ўақытта да.

20 Бирақ напәклер сөзсиз
қырылып қалар,
Жаратқан Ийениң душпанлары
дала гүлиндей солып,
Түтин яңлы тарқалып, жоқ болар.

21 Напәклер қарыз алар, қайтып
бермес,
Ҳақ адам болса сақыйлық
пенен берер.
22 Жаратқан Ийе жарылқаған
адамлар елге ийелик қылар,
Ал Ол ғарғаған адамлар жоқ
болып кетер.

23 Адамның жүрген жолына,
Жаратқан Ийениң кеўли толса,
Оның қәдемлерин беккемлер.
24 Ол сүрниксе де, жығылмас,
Жаратқан Ийе қолынан услап
қалар.

25 Мен жас едим, енди қартайдым,
Ҳақ адамның таслап кетилгенин,
Оның урпағының нан
сорағанын көрмедим.
26 Ол ҳәмме ўақытта сақыйлық
пенен қарыз берер,
Урпағы да жарылқаў алып
келер.

27 Жаманлықтан қашып,
жақсылық қыл,
Сонда елиңде мәңги жасарсаң.
28 Жаратқан Ийе ҳақлықты сүйер,
Ол садық қулларын тәрк етпес.
Оларды мәңги қорғар,
Напәклердиң урпағы жоқ болар.
29 Ҳақ адамлар елди мүлик етип
алар,
Сол елде мәңги жасап қалар.

30 Ҳақтың аўзынан даналық
шығар,
Оның тили әдалатты сөйлер.
31 Қудайының нызамы
жүрегиндедур,
Соның ушын, қәдеминде
адаспас.
32 Напәк адам ҳақ адамды аңлып
жүрер,
Оны өлтириўдиң жолын излер.
33 Жаратқан Ийе ҳақ адамды
напәклердиң қолына
тапсырмас,
Ҳүким етилгенде, оны айыплы
қылмас.

34 Жаратқан Ийеге үмит байла,
Оның жолынан жүр,
Ол сени мәртебели қылып, бул
елди мүлик қылып берер.
Напәктиң қырылып кеткенин
көрерсең.

35 Көрдим напәк ҳәм жаўыз
адамның,
Өз топырағында жасыл
теректей өсип-өнгенин.
36 Бирақ узақ турмай, ол өтип
кетти, жоқ болды,
Қанша излесем де, таба
алмадым оны.

37 Минсизге итибар бер, ҳақ
адамға қара,
Тынышлықты сүйетуғынлардың
келешеги бар.
38 Гүнакарлардың ҳәммеси
қырылып кетер,
Напәктиң келешеги жоқ болар.

39 Ҳақлардың қутқарылыўы
Жаратқан Ийеден,
Апат күнинде оларға болар
қорған.
40 Жаратқан Ийеден пана тапқаны
ушын,
Жаратқан Ийе оларды қоллап
қуўатлап, қутқарар,
Напәклердиң қолынан аман
сақлап, азат қылар.

# 37

[1] *Даўыттың ядқа салыў жыры*

2 Жаратқан Ийе, ғәзепленип,
мени әшкаралама,
Қәҳәрленип, мени жазалама!
3 Ишиме қадалды оқларың,
Үстиме басылды қолларың.
4 Ғәзебиңнен денемде қалмады
саў жерим,
Гүнам себепли сырқырайды
сүйеклерим.
5 Айыпларым басымнан асты,
Олар аўыр жүк болып,
желкемди басты.

6 Ақылсызлығым себепли,
Жараларым сасып, ириң басып
кетти.
7 Ийилип, еки бүкленип қалдым,
Күни бойы ғам шегип жүремен.
8 От болып жанар мениң белим,
Денемде қалмады саў жерим.
9 Диңкем қурып, пүткиллей
езилдим,
Жүрегимниң сызлаўынан нала
шегемен.

10 Ийем, жүрегимдеги барлық
қәлеўлеримди билесең,
Налаларым жасырын емес
Сеннен.
11 Жүрегим титирейди, күш-
қуўатым кетти,
Көзлеримниң нуры пүткиллей
сөнди.
12 Дос-яранларым қашты
жараларым себепли,
Жақынларым қасыма келмей
қойды.
13 Жаныма қас адамлар маған
дузақ қурар,
Нийети жаўызлар маған өлим
тилер,
Күни бойы маған қарсы ҳийле
ойлап жүрер.

14 Ал мен герең сыяқлы
еситпеймен,
Тилсиз адамдай аўзымды
ашпайман.
15 Шынында да, мен гүңге
уқсайман,
Тилинде жуўабы жоқ
адамдайман.
16 Үмитим Сенде, Жаратқан Ийе,
Сен жуўап бересең, Қудай
Ийем!
17 Саған дуўа етип, былай дедим:
«Жағдайымды көрип,
душпанларым күлмесин,
Аяқларым сүрниккенде,
өзлерин меннен үстин
қоймасын!»

18 Жығылайын деп турыппан,
Ашшы қайғымды ишиме
жутып атырман.
19 Жынаятларымды
мойынлайман,
Гүналарым себепли
қайғыраман.
20 Ал душпанларым күшли ҳәм
аман жүрипти,
Себепсиз мени жек
көретуғынлар көбейип
кетти.
21 Олар жақсылығыма жаманлық
қайтарар,
Ийгиликли ислерим ушын
маған душпан болар.

22 Мени таслап кетпе, Жаратқан
Ийе!
Қудайым, меннен узақ болма!
23 Маған жәрдем бериўге асық,
Қутқарыўшым, Ийем!

## 38

1 *Атқарыўшылардың жетекшиси Едутунға[a]. Даўыттың жыры*

2 Мен өзиме былай дедим:
«Атқан адымыма дыққат қылайын,
Тилимди гүнадан тыйып
жүрейин,
Алдымда напәклер турса да,
Аўзыма қум қуйып қояйын».
3 Тилимди тыйып, үнсизлик
сақладым,
Ҳәтте, жақсы нәрсени айтыўдан
бас тарттым.
Артып кетти мениң дәртим.
4 Жүрегим оттай болып, лаўлап
кетти,
Ойлаған сайын, кеўлим өртенди,
Мына сөзлер тилимнен төгилди:

5 «Билдире гөр ақыбетимди,
Жаратқан Ийе,
Билдир қанша күнлерим
қалғанын,
Билейин өмиримниң қаншелли
қысқа екенин!
6 Қысқа өмир бергенсең маған,
Сениң нәзериңде ҳеш нәрседур
өмирим,
Бир демдур ҳәр бир адамның
өмири. Селаҳ

7 Ҳәр бир адамның өмири саядай
өтип кетер,
Адамзаттың ҳәрекети бийҳуда
болар,
Мал-дүнья жыйнар,
Бирақ оның кимге қалатуғынын
билмес.

8 Мен енди не күтиўим мүмкин,
Ийе?
Барлық үмитим Сеннен.
9 Азат қыла гөр барлық
жынаятларымнан,
Ақмақлардың үстимнен
күлиўине жол қойма.
10 Үнсизлик сақлайман, ашпайман
аўзымды,
Себеби Сен иследиң буны.
11 Жудырығыңды узақластыр
меннен,
Сен берген соққылардан тамам
болдым.
12 Гүналары ушын адамзатты,
Жазалап, жолға саласаң.
Күйе жегендей, әзиз
нәрселерин жоқ қыласаң,
Сөзсиз, адамзат бир демде өтип
кетеди. Селаҳ

13 Дуўамды есит, Жаратқан Ийе,
Қулақ сал жалбарыныўыма,
Көз жасларыма бийпәрўа болма!
Мен бир қонақпан алдыңда
Сениң,
Ата-бабаларым сыяқлы
келгиндимен.
14 Қәҳәрли нәзериңди узақластыр
меннен,
Бул дүньядан өтип кетпесимнен
бурын шадланайын!»

## 39

1 *Атқарыўшылардың жетекшисине. Даўыттың жыры*

2 Сабыр етип күттим Жаратқан
Ийени,
Ол маған бурылып,
жалбарыныўымды еситти.
3 Мени өлим шуқырынан,
Батпақлықтан шығарып алды.
Аяқларымды тастың үстине
бастырды,

---

[a] **38:1** 1Жлн 16:41-42.

Қәдемлеримди беккемледи.
4 Аўзыма жаңа бир қосық,
Құдайымызға арналған алғыс
салды.
Көплер буны көрип, қорқар,
Жаратқан Ийеге үмит байлар.

5 Қандай бахытлы Жаратқан
Ийеге үмит байлаған,
Менмен ҳәм өтирикшилерге
сүйенбейтуғын.
6 Жаратқан Ийе, Құдайым,
Бизлер ушын әжайып ислериң
ҳәм нийетлериң көпдур,
Ҳеш бир зат Саған тең келе
алмас,
Буларды тилге алып, сөйлей
басласам,
Көплигинен санап таўыса
алмаспан.

7 Сен қурбанлық ҳәм
садақаларды қәлемедиң,
Жандырылатуғын ҳәм гүна
қурбанлықларын талап
қылмадың,
Бирақ бойсыныўым ушын
қулақларымды аштың.
8 Сонда мен былай дедим: «Мине,
мен келдим,
Орама китапта мен ҳаққында
жазылған.
9 Сениң еркиңди орынлаўдан
рәҳәтленемен, Құдайым,
Жүрегимниң төриндедур Сениң
нызамың».

10 Уллы жәмийетинде әдиллигиңди
жәрия қылдым,
Жаратқан Ийе, Өзиң билесең,
Тилимди ҳеш тыймадым.
11 Әдиллигиңди ишимде
сақламадым,
Исенимли екениңди
ҳәм қутқарғаныңды
жәрияладым,
Мийрим-шәпәәтиңди,
садықлығыңды,
Уллы жәмийеттиң алдында сыр
тутпадым.

12 Жаратқан Ийе, реҳимиңди аяма
меннен,
Сүйиспеншилигиң ҳәм
садықлығың мени мәңги
қорғасын.
13 Сансыз апатлар орап алды
әтирапымды,
Гүналарым басыма жетти,
көзим көрмейди,
Булар шашымнан көпдур,
Енди жүрексиз болып қалдым.

14 Жаратқан Ийе, маған мийримиң
түссин, қутқар мени!
Жаратқан Ийе, маған жәрдем
бериўге асық!
15 Жанымды алыўға
умтылғанлардың ҳәммеси,
Шерменде болып, уятқа
қалсын!
Маған зыян тийгизиўди
қәлегенлер,
Масқара болып, кейнине
қайтсын!
16 «Ҳай-ҳай!» деп мени
масқаралағанлар,
Шерменде болып, сасқалақлап
қалсын.

17 Сени излегенлердиң ҳәммеси,
Сенде шадлық ҳәм қуўанышқа
толсын.
Сениң қутқарыўыңды сүйгенлер:
«Жаратқан Ийе уллыдур!» –
деп бәрқулла айтып жүрсин!

18 Мен бийшара ҳәм ғәриппен,
Бирақ ғамхорлық қылар маған Ийем.
Жәрдемшим ҳәм қутқарыўшым Өзиңсең,
Кешикпе, Қудайым!

## 40

1 *Атқарыўшылардың жетекшисине. Даўыттың жыры*

2 Қандай бахытлы жарлыны ойлайтуғын!
Апат күнинде оны Жаратқан Ийе қутқарар.
3 Жаратқан Ийе оны қорғап, өмирин сақлар,
Ол елде бахытлы болар,
Душпанларының қолына тапсырылмас.
4 Төсекте жатып қалғанында,
Жәрдем берер оған Жаратқан Ийе,
Оны кеселинен толық айықтырар.

5 Мен: «Оҳ, Жаратқан Ийе, маған реҳим қыл,
Саған қарсы гүна қылдым, шыпа бер!» – дедим.
6 Душпанларым жаўыз нийет пенен:
«Қашан өлип, аты өшер екен?» – дейди.
7 Олар мени көриў ушын келгенде, жалған сөйлейди,
Ишинен өсек сөзлер тоқыйды,
Кейин сыртқа шығып, өсек тарқатады.

8 Мени жек көретуғынлардың ҳәммеси,
Маған зыян тийгизиўди жобаластырады,
Биргеликте мен ҳаққында сыбырласып:
9 «Аўыр кеселликке шалынған ол,
Енди тура алмас төсегинен», – дейди.
10 Мениң нанымды жеген жақын достым,
Маған қарсы қол көтерди.

11 Сен маған реҳим қыл, аяққа турғыз, Жаратқан Ийе,
Қылмысларына жараса, өзлерине қайтарайын.
12 Душпанларым меннен үстин шықпаса,
Маған кеўлиң толғанын билемен.
13 Айыпсызлығым ушын мени аман сақлайсаң,
Мени дәргайыңда мәңги турғызасаң.

14 Әзелден мәңгиге дейин,
Израилдың Қудайы Жаратқан Ийеге алғыслар болсын!
Аўмийин! Аўмийин!

## 41

1 *Атқарыўшылардың жетекшисине. Қорах әўладының*[a] *нәсият жыры*

2 Суўын ағын суўды қалай аңсаса,
Қудай, мениң жаным да Сени солай аңсайды!
3 Жаным Қудайға, тири Қудайға шөллейди,
Қашан бараман Қудайдың жүзин көриўге?
4 Ҳәр күни: «Қудайың қай жерде?» – дегени ушын,

a **41:1** 1Жлн 6:31-38.

Көз жасларым азығым болды
күни-түни.

5 Жүрер едим аламан арасында,
Барар едим Қудайдың Үйине.
Байрамды белгилер едик
көпшилик пенен,
Қуўаныш ҳәм алғыс жаңғырығы
менен.
Усылар түссе ядыма,
сырқырайды жүрегим.

6 Не ушын түскинликке түсесең,
ҳәй жаным?
Не ушын тынышсызланасаң?
Қудайға үмит байла,
Мен Оған және алғыс айтаман,
Қутқарыўшым ҳәм Қудайыма.

7 Түскинликке түсип кеткенмен,
Соның ушын, Қудайым, Сени
Иордан бойында,
Хермон ҳәм Мисар таўларында
еслеймен.
8 Гүркиреген теңизлердей,
Гүўилдеген булақлардай,
Сениң жиберген қүдиретли
толқынларың,
Басып өтти үстимнен мениң.

9 Күндиз Жаратқан Ийе көрсетер
сүйиспеншилигин,
Түнде Оған арнап қосық
айтаман.
Өмирим болған Қудайға дуўа
етемен.

10 Қорғаўшы жартасым болған
Қудайға былай деймен:
«Не ушын мени умыттың?
Душпанларымның зулымынан,
Не ушын қайғы-ғам шегип
жүриўим керек?»

11 Күни бойы душпанларым:
«Қай жерде Қудайың?» деп,
Мени кемситкенде,
сырқырайды сүйеклерим.

12 Не ушын түскинликке түсесең,
ҳәй жаным?
Не ушын тынышсызланасаң?
Қудайға үмит байла,
Мен Оған және алғыс айтаман,
Қутқарыўшым ҳәм Қудайыма.

# 42

1 Қудай, Сен мени ақла!
Опасыз халыққа қарсы
даўымда мени жақла.
Өтирикши ҳәм әдилсиз
адамлардан қутқар.
2 Мениң қорғаным – Қудай
Сенсең,
Неге мени таслап кеттиң?
Душпанларымның зулымынан,
Не ушын қайғы-ғам шегип
жүриўим керек?

3 Нурыңды ҳәм ҳақыйқатыңды
жибер,
Олар жол көрсетсин маған,
Алып барсын мени Сениң
мухаддес таўыңа, мәканыңа.
4 Бараман мен Қудайдың
қурбанлық орнына,
Қуўанышым ҳәм шадлығым
болған Қудайыма.
Лира шертип алғыслайман
Сени, Қудай, Қудайым!

5 Не ушын түскинликке түсесең,
ҳәй жаным?
Не ушын тынышсызланасаң?
Қудайға үмит байла,
Мен Оған және алғыс айтаман,
Қутқарыўшым ҳәм Қудайыма.

# 43

[1] *Атқарыўшылардың жетекшисине. Қорах әўладының нәсият жыры*

2 Қудай, қулақларымыз бенен еситтик,
Әййемги заманда, ата-бабаларымыздың дәўиринде,
Айтып берди олар ислеген ислериң ҳаққында.
3 Өз қолың менен қуўып шығып басқа миллетлерди,
Ата-бабаларымызға жер бердиң,
Сол халықларды қырып тасладың.
4 Шынында, олар жерди қылыш пенен алмады,
Өз қоллары менен жеңиске ериспеди,
Ал Сениң оң қолың, қүдиретиң,
Жүзиңниң нуры менен жеңиске еристи.
Олардан Сениң кеўлиң толған еди.

5 Қудай, Сен патшамсаң,
Буйыр, Яқыптың урпағы жеңсин!
6 Сениң саяңда душпанымызды сүзип шығарамыз,
Бизге қарсы болғанларды атың менен басқылап таслаймыз.
7 Мен өз садағыма исенбеспен,
Қылышым да жеңис алып келмес маған.
8 Душпанларымыздан қутқарған Сенсең,
Бизлерди жек көретуғынларды шерменде қылдың.
9 Күни бойы Қудайымыз бенен мақтанамыз,
Мәңги алғыслаймыз Сениң атыңды. Селаҳ
10 Бирақ Сен бизлерди таслап кетип, шерменде қылдың,
Әскерлеримиз бенен саўашқа шықпай қойдың.
11 Душпанларымыздың алдында шегиндирдиң,
Жек көретуғынлар бизлерди арқайын тонап кетти.
12 Бизлерди сойылатуғын қойдай қылдың,
Миллетлер арасына дағытып жибердиң.
13 Халқыңды арзан баҳаға саттың,
Олардың баҳасын жоқарылатпадың.
14 Қоңсы халықларға бизлерди шерменде қылдың,
Дөгерегимиздегилерге масқара ҳәм күлки қылдың.
15 Миллетлерге әпсана еттиң,
Халықлар бизге басын шайқар.
16 Күни бойы масқарашылық мениң алдымда,
Шерменделик жүзимди қаплаған.
17 Еситетуғынымыз масқара сөз, көретуғынымыз хорлық,
Көз алдымызда өш алыўшы душпанлар.

18 Булардың барлығы басымызға түсти,
Бирақ бизлер Сени умытпадық,
Келисимиңди бузбадық.
19 Жүрегимиз Сеннен жүз бурмады,
Сениң жолларыңнан шетке шықпадық.
20 Бизлерди сағаллар мәканында езип тасладың,
Үстимизге тас түнек қараңғылықты жаўдың.

21 Егер бизлер Қудайымыздың
атын умытқанымызда,
Басқа қудайларға
қолларымызды
жайғанымызда,
22 Онда Қудай буны билмес пе еди?
Ол жүректеги сырларды биледи.
23 Сен себепли күни бойы
бизлерди өлтиреди,
Шалынатуғын қой деп,
бизлерди есаплайды.

24 Тур, Ийе! Неге уйықлап
атырсаң?
Оян, мәңгиге бизлерди таслап
кетпе!
25 Не ушын жүзиңди жасырып
атырсаң?
Қайғы ҳәм азапларымызды не
ушын умытасаң?

26 Бизлер топырақта жатырмыз,
Денемиз жерге жабысып қалды.
27 Тур, жәрдем бер бизлерге,
Сүйиспеншилигиң ҳақы құтқар
бизлерди!

# 44

1 *Атқарыўшылардың же-
текшисине. «Лала гүл»
намасына айтылады. Қорах
әўладының нәсият жыры.
Муҳаббат қосығы*
2 Жүрегимнен гөззал сөзлер
төгилди,
Патшаға арнайман қосығымды,
Тилим шебер жазыўшының
қәлеминдей болсын.

3 Адам уллары арасындағы ең
сулыўысаң,
Мийрим төгилер тилиңнен.
Аўа, Қудай сени мәңги
жарылқаған.
4 Ҳәй батыр, даңқың ҳәм
салтанатың менен,
Белиңе қылышыңды байла.
5 Уллылығың менен атланып,
алға бас,
Ҳақыйқат, кишипейиллик ҳәм
әдалат ушын жеңиске ерис!
Оң қолың таң қаларлық ислер
көрсетсин.
6 Патшаның душпанларының
жүрегин,
Өткир оқларың тесип өтер.
Халықлар аяқларыңның
астына жығылар.

7 Қудай, тахтың мәңги-бақый
турар,
Сениң патшалық ҳасаң – әдалат
ҳасасыдур.
8 Сен әдилликти сүйип,
жаўызлықты жек көресең,
Соның ушын, Қудай, сениң
Қудайың,
Досларыңнан гөре көбирек сени,
Қуўаныш майы менен майлады.
9 Барлық кийимиңнен мирра,
алоэ ҳәм кассияның хош
ийислери шығады,
Пил сүйегинен безелген
сарайларда тарлы
әсбаплардың ҳаўазы,
Сениң кеўлиңди көтереди!
10 Патша қызлары иззетли
ҳаялларың арасында,
Офир алтынлары менен
безелген ханбийке турар
оң жағында.

11 Тыңла, ҳәй қыз, қара, қулақ сал,
Халқыңды ҳәм әкеңниң үйин
умыт.
12 Патша сениң гөззаллығыңа
ҳәўес,

Хожайының болғаны ушын,
алдында тәжим қыл.
13 Қыз Тир саўғалар алып келер,
Халықтың бай адамлары
мийримиңе ерисиўди
қәлер.

14 Сарайға кирип киятырған сол
қыз қандай гөззал,
Кийимлери безелген алтын
сабақ пенен.
15 Нағыслы кийимде оны алып
келер патша алдына,
Оның артынан қызлар, оның
дослары ерип келер.
16 Олар қуўаныш ҳәм шадлық
пенен алып келинер,
Патшаның сарайына кирип
келер.

17 Бабаларыңның орнын улларың
алсын,
Оларды ҳәким етип қоярсаң
пүткил үлкеге.
18 Атыңды әўладтан-әўладқа
умытылмас қыламан,
Солай етип, халықлар сени
мәңги алғыслайды.

# 45

1 *Атқарыўшылардың жетекшисине. Қорах әўладының қосығы. Жоқарғы даўыста айтылады*
2 Қудай бизлердиң панамыз ҳәм
күшимиз,
Апатта қалғанымызда,
исенимли жәрдемшимиз.
3 Соның ушын, қорқпаймыз жер
қыймылдаса да,
Таўлар теңизлердиң түбине
қуласа да.
4 Олардың суўлары гүркиреп,
жоқары көтерилсе де,
Күшли толқынлар таўларды
титиретсе де. Селаҳ

5 Бир дәрья бар, суўлары
қуўаныш алып келер
Қудайдың қаласына,
Қудай Тааланың мухаддес
мәканына.
6 Қалада Қудай болғаны ушын,
Қала ҳеш қашан қуламастан
турар.
Таң атыўдан, Қудай оған
жәрдем берер.
7 Миллетлер шуўласып,
патшалықлар қулар,
Қудайдың даўысы гүркиреп,
жер жүзи ерип кетер.

8 Әлемниң Жаратқан Ийеси
бизлер менен биргедур,
Яқыптың Қудайы
қорғанымыздур. Селаҳ

9 Келиң, көриң Жаратқан Ийениң
ислерин,
Жер жүзине алып келген
апатын.
10 Ол жер жүзиндеги саўашларды
тоқтатар,
Садақларды сындырып,
найзаларды бөleклеп,
Қалқанларды отқа жағып,
былай дер:
11 «Тоқтаң ҳәм билиң, Мен
Қудайман!
Мен уллыланаман халықлар
арасында,
Уллыланаман жер жүзинде!»

12 Әлемниң Жаратқан Ийеси
бизлер менен биргедур,
Яқыптың Қудайы
қорғанымыздур. Селаҳ

# 46

1 *Атқарыўшылардың жетекшисине. Қорах әўладының жыры*

2 Ҳәй, барлық халықлар,
шаппатлаң!
Шадлық даўыслары менен
Қудайды алғыслаң.
3 Қудай Таала, Жаратқан Ийе
қандай айбатлы!
Пүткил дүньяның уллы патшасы.

4 Ол бизлерге бойсындырды
халықларды,
Аяғымыздың астына таслады
миллетлерди.
5 Өзи сүйген Яқыптың мақтаўлы
мүлкин,
Ол таңлап, бизлерге мүлик
қылып берди. Селаҳ

6 Қудай шадлық даўыслары,
Жаратқан Ийе кәрнай сеслери
менен жоқары шықты.
7 Саз шертип алғыслаң Қудайды,
саз шертип алғыслаң,
Саз шертип алғыслаң
Патшамызды, саз шертип
алғыслаң.
8 Қудай пүткил дүньяның
патшасыдур,
Саз шертип, нәсият жыр айтың!

9 Қудай мухаддес тахтына
отырып,
Барлық миллетлердиң патшасы
болар.
10 Халықлардың ҳүкимдарлары,
Ибрайымның Қудайының
халқы менен бир жерге
жыйналар,
Қудайға тийисли жер жүзиниң
патшалары,
Ол жүдә уллыдур.

# 47

1 *Қосық. Қорах әўладының жыры*

2 Жаратқан Ийе уллыдур!
Қудайымыздың қаласында,
мухаддес таўында,
Ол аса мақтаўға ылайықлыдур.
3 Бийик ҳәм гөззалдур,
Пүткил жер жүзиниң
қуўанышы Сион таўы,
Мухаддес таў – уллы
Патшаның қаласы.
4 Қудай оның бекиниси ишинде,
Оның беккем қорғаны болып
Өзин танытты.

5 Мине, патшалар жыйналып,
Биргеликте Сион таўына жүрис
қылды.
6 Бирақ қаланы көрип, албырап
қалды,
Қорқынышқа түсип, қашып
кетти.
7 Толғақ тутқан ҳаялдай,
Сол жерде оларды титиреў басты.
8 Үлкен саўда кемелерин
қыйратқан шығыс самалы
сыяқлы,
Жоқ еттиң оларды.
9 Әлемниң Жаратқан Ийесиниң
қаласында,
Қудайымыздың қаласында,
Нени еситкен болсақ, соны
көрдик.
Қудай оның қәўипсизлигин
мәңги беккемлейди. Селаҳ

10 Қудай, Сениң Ибадатханаңда,
Сүйиспеншилигиң ҳаққында
ойлаймыз.
11 Атың сыяқлы, Қудай, Саған
арналған алғыс-мақтаў да,
Дүньяның төрт тәрепине
жайылғандур.

Оң қолың әдилликке толыдур.
12 Сениң ҳүкимиңнен қуўансын
Сион таўы,
Шадлансын Яҳуда қалалары!

13 Сионның дөгерегин айланып
жүриң,
Оның минараларын санап
шығың.
14 Келешектеги әўладыңызға
айтып бериў ушын,
Дийўалларына дыққатыңызды
қаратың,
Қорғанларына қараң.
15 Бул Қудай мәңги-бақый
бизлердиң Қудайымыз
болады,
Бизлерди өмиримиздиң
ақырына дейин жетелейди.

# 48

1 *Атқарыўшылардың жетекшисине. Қорах әўладының жыры*

2 Тыңлаң, ҳәй, барлық халықлар!
Қулақ салың ҳәммеңиз, жер
жүзинде жасайтуғынлар,
3 Әпиўайы ҳәм ақсүйеклер, бай
ҳәм жарлылар!
4 Аўзымнан шығар даналық сөзлер,
Кеўлимдеги пикирим түсиник
берер.
5 Қулақ түремен ҳикметли
сөзлерге,
Лира менен мәнисин ашып
беремен.

6 Не ушын қорқаман апат
күнлерде,
Нийети бузық душпанларым
мени қоршап алғанда?
7 Олар өз мал-дүньясына исенер,
Есапсыз байлықлары менен
мақтанар.
8 Ҳеш ким биреўдиң өмириниң
төлемин өтей алмас,
Ол ушын Қудайға қун төлей
алмас.
9 Адам өмириниң төлеми қымбат,
Ҳеш ким ҳеш қашан өтей алмас.
10 Олай болмағанда, мәңги жасар
еди адамзат,
Көрмес еди қәбир жүзин.

11 Ҳәмме билер даналардың да
өлетуғынын,
Ақмақ ҳәм биймәни адамлардың
жоқ болатуғынын.
Олардың байлығын басқалар
ийелер.
12 Жерлерине өз атларын қойса да,
Қәбирлери мәңги үйи болып,
Әўладтан-әўладқа мәканы
болар.
13 Абырайлы инсан да мәңги
турмас,
Өлип кететуғын ҳайўанға мегзер.
14 Өзине исенгенлердиң ақыбети,
Олардың сөзин
мақуллағанлардың тәғдири
мынадай болар: Селаҳ
15 Сүриў сыяқлы өлилер мәканына
айдалар,
Өлим олардың шопаны болар.
Таңда ҳақ адамлар оларға
ҳүкимдарлық қылар,
Денелери ширип кетер,
Өлилер мәканы олардың үйи
болар.
16 Бирақ Қудай мени өлилер
мәканының қолынан
қутқарар,
Ол мени Өз дәргайына алар.
Селаҳ

17 Қорқпа, егер бир адам байып
кетсе,

Үйиниң мал-дүньясы артып
кетсе.
18 Ол өлгенде, өзи менен ҳеш нәрсе
алып кете алмас,
Байлығы да оның изинен
қәбирге ерип кетпес.
19 Тири ўақтында, ол өзин
бахытлы санаса да,
Табыслы болғаны ушын
көплерден мақтаў алса да,
20 Ол да ата-бабалары жатқан
жерге кетип,
Жақтылықты артық көрмес.
21 Абырайлы болса да, ақылсыз
болғанлар,
Өлип кететуғын ҳайўанларға
мегзер.

# 49

1 *Асафтың*[a] *жыры*
Қүдиретли болған Қудай,
Жаратқан Ийе сөйлер,
Күншығыстан, батысқа дейин,
Пүткил жер жүзин шақырар.
2 Гөззаллықта минсиз Сионнан,
Қудай жарқырап келер.

3 Қудайымыз келер, үнсиз
болмас,
Алдындағы жанып турған от
ҳәммесин жалмайды,
Дөгерегинде күшли даўыл есер.
4 Халқын ҳүким қылыў ушын,
Жер ҳәм аспанды гүўа қылып
шақырар:
5 «Жыйнаң алдыма садық
қулларымды,
Қурбанлық шалып, Мениң
менен келисим
дүзгенлерди».
6 Көклер Оның әдиллигин
жәриялар,
Ҳүким шығарыўшы Қудайдың
Өзидур. Селаҳ

7 «Ҳәй, халқым, тыңлаң, Мен
сөйлеймен,
Ҳәй, Израил, саған қарсы
гүўалық берейин:
Мен Қудайман, сениң
Қудайыңман!
8 Қурбанлықларың ушын,
Ҳәм күнделикли
жандырылатуғын
қурбанлықларың ушын,
Даўа қылып атырған жоқпан.
9 Қорандағы буғаға да,
Сүриўиндеги текеге де зар
емеспен.
10 Меники тоғайдағы барлық
жаныўарлар,
Мың-мыңлаған таўлардағы
ҳайўанлар.
11 Таўлардағы барлық қусларды
билемен,
Далалардағы ҳәр бир жабайы
ҳайўан Меники.
12 Аш болсам, сорамаспан сеннен,
Пүткил дүнья ҳәм оны
толтырып турғанлар
Меники.
13 Мен буғаның гөшин жейтуғын
ба едим?
Текениң қанын ишетуғын ба
едим?
14 Маған, Қудайға шүкирлик
қурбанлығын усын,
Қудай Таала алдында ишкен
антыңды орынла.
15 Азап-қайғы күнинде шақыр
Мени,
Сени қутқараман, сен де Мени
даңққа бөлейсең».

---

a **49:1** 1Жлн 6:31-33, 39-43; 25:1-2; Эзр 2:41.

16 Бирақ Қудай напәк адамға
былай дейди:
«Не ҳақың бар қағыйдаларым
ҳаққында сөйлеўге?
Не ҳақың бар келисимимди
аўзыңа алыўға?
17 Өзиңе берген тәрбиямды жек
көресең,
Сөзлеримнен жүз бурасаң.
18 Урыны көргениңде, оған
қосыласаң,
Бузықлық қылып атырғанлар
менен шерик боласаң.
19 Аўзыңды жаўызлыққа кең
ашасаң,
Тилиң менен жалған сөзлер
тоқыйсаң.
20 Отырып, туўысқаныңа қарсы
сөйлейсең,
Туўған-туўысқаныңа да жала
жаўасаң.
21 Сен усыларды иследиң, Мен
үндемедим,
Мени де өзиңдей деп ойладың.
Енди сени әшкаралап,
айыбыңды көз алдыңа
қояман.

22 Дыққат салың, ҳәй, Қудайды
умытқанлар!
Болмаса, сизлерди тилкимлеп
таслайман,
Қутқаратуғын ҳеш ким
болмайды сизлерди.
23 Маған шүкир қурбанлығын
усынғанлар,
Мени ҳүрмет қылған болады.
Ким өз жолын туўрылап жүрсе,
Соған Өз қутқарыўымды
көрсетемен».

# 50

1-2 *Атқарыўшылардың жетекшисине. Даўыт Бат-Шеба менен жатқаннан кейин, Натан пайғамбар оның алдына келгенде*[a]*, Даўыттың айтқан жыры*

3 Қудай, рехим ет маған,
Сүйиспеншилигиң менен.
Жынаятларымды алып тасла,
Шексиз мийрим-шәпәәтиң
менен.
4 Жуўып тасла айыпларымды,
Пәкле мени гүналарымнан.
5 Билемен қылмысларымды,
Гүнам ҳәр қашан турар көз
алдымда.
6 Саған қарсы, жалғыз Саған
қарсы гүна иследим,
Сениң нәзериңде жаўыз болған
иске қол урдым.
Соның ушын, айыпласаң Сен
ҳақсаң,
Ҳүким шығарғаныңда, Сен
әдилсең.
7 Мине, гүнакар болып
туўылғанман,
Анамның қарнында-ақ гүнакар
едим.

8 Сен адамның кеўлинде шынлық
болыўын қәлейсең,
Жан дүньяма даналық үйрет.
9 Мени майоран шөби[b] менен
пәкле, таза болайын,
Жуўа гөр мени, қардан да аппақ
болайын.
10 Шадлық ҳәм қуўаныш даўысын
еситтир маған,
Йошсын Сен сындырған
сүйеклерим.

---

a **50:1-2** 2Пат 11:1–12:25.
b **50:9** *Майоран шөби* – бул назбайгүл шөбине туқымлас өсимлик.

11 Жүзиңди бур гүналарымнан,
Алып тасла айыпларымды.
12 Қудай, менде таза жүрек жарат,
Ишимдеги турақлы руўхты
жаңала.
13 Мени дәргайыңнан шығарып
таслама,
Мухаддес Руўхыңды меннен
алма.
14 Қайтара гөр маған қутқарылыў
шадлығыңды,
Бойсыныў қәлеўин ойата гөр
менде.
15 Жынаятшыларға Сениң
жолыңды үйретемен,
Гүнакарлар қайтып келер Саған.

16 Кешир мени қан төккеним ушын,
Қудай, Қутқарыўшы Қудай,
Сениң әдиллигиң ушын
шадланып бақырады тилим.
17 Ийе, аша гөр ләблеримди,
Аўзым Саған алғыслар айтсын.

18 Сен қәлемейсең
қурбанлықларды,
Болмаса, Саған усынар едим,
Жандырылатуғын
қурбанлықтан да кеўлиң
толмайды.
19 Саған мақул болатуғын
қурбанлық – езилген
руўхдур,
Езилген ҳәм тәўбе қылған
жүреклерден,
Сен жүз бурмассаң, Қудай.

20 Реҳим етип, Сионға жақсылық
қыл,
Ерусалим дийўалларын
қайтадан тикле.
21 Сонда туўры усынылған
қурбанлықлар,
Толығы менен жандырылатуғын
қурбанлықлар Саған мақул
болар.
Қурбанлық орнында буғалар
усынылар.

# 51

1-2 *Атқарыўшылардың жетекшисине. Эдомлы Доег Шаулдың алдына барып: «Даўыт Ахимелехтиң үйине кирди», – деп хабар берген ўақытта*[a]*, Даўыттың айтқан нәсият жыры*

3 Не ушын мақтанасаң
жаўызлығың менен, ҳәй,
күшли адам?
Қудайдың мийрим-шәпәәти
ҳәмме ўақытта мениң
менен бирге.
4 Тилиң менен апат келтирерсең,
Өткир пәкиге уқсар тилиң,
Алдаўға сен шеберсең.
5 Сен жақсылықтан гөре,
жаўызлықты,
Ҳақыйқаттан гөре, өтирикти
жақсы көресең. Селаҳ
6 Зыян тийгизетуғын сөзлерди
жақсы көресең,
Өтирикши тилди сүйесең.

7 Бирақ Қудай сени мәңги ўайран
қылады,
Сени услап, шатырыңнан
тартып шығарады,
Тирилер әлеминен тамырың
менен қуртады. Селаҳ
8 Ҳақ адамлар буны көрип,
қорқады,
Үстиңнен күлип, былай дейди:

---

a **51:1-2** 1Пат 22:9-23.

9 «Қараңлар, бул адам Қудайға
қорғаным деп сүйенбеди,
Мол байлығына үмит байлады,
Басқаларға қырғын келтирип,
күшейди».

10 Ал мен Қудайдың Үйинде жасыл
зәйтүн ағашындайман,
Қудайдың сүйиспеншилигине
мәңги-бақый исенемен.
11 Ислериң ушын Саған мәңги
алғыс айтаман,
Садық қулларыңның
жәмийетинде,
Ийгиликли атыңа үмит байлап,
күтемен.

*(Заб 13)*

# 52

1 *Атқарыўшылардың жетекшисине. Муңлы айтылатуғын Даўыттың нәсият жыры*

2 Ақмақлар өз кеўлинде: «Қудай
жоқ», – дер.
Олар бузылды, жеркенишли
қылмыс қылар.
Жақсылық қылатуғын ҳеш ким
жоқ.

3 Бар ма екен деп, ақыллы ҳәм
Қудайды излейтуғын,
Қудай көктен қарар адамзатқа.
4 Ҳәммеси жолдан азғырылған,
бирдей бузылған,
Жақсылық қылатуғын ҳеш ким
жоқ,
Бирде биреўи жоқ!

5 Жаўызлық қылыўшылар,
Нан жеген киби халқымды
жалмайтуғынлар,
Қудайды шақырмайтуғынлар
ҳеш нәрсеге түсинбей ме?
6 Олар қорқыныш жоқ жерде
қорқынышқа түседи,
Қудай саған қарсы ләшкер
тартып келгенлердиң,
Сүйеклерин шашып таслайды,
Қудай олардан жүз бурғаны
ушын, сен оларды
шерменде қыласаң.

7 Келсе еди, Израилдың
қутқарылыўы Сионнан!
Қудай Өз халқын абаданшылыққа
және еристирсе,
Яқыптың урпақлары шадланып,
Израил қуўанар еди.

# 53

1-2 *Атқарыўшылардың жетекшисине. Тарлы саз әсбапларында айтылады. Зифлилер Шаулдың алдына барып: «Даўыт бизлердиң арамызда жасырынып жүрипти», – дегенде[a], Даўыттың айтқан нәсият жыры*

3 Қудай, мени атың менен қутқар,
Күш-қүдиретиң менен
ҳуқықымды қорға!
4 Қудай, дуўамды еsите гөр,
Қулақ сал аўзымнан шыққан
сөзлерге.
5 Өзге журтлылар маған қарсы
бас көтерди,
Залымлар алмақшы мениң
жанымды,
Олар Сени писент етпейди.
Селаҳ

6 Мине, Қудай мениң
жәрдемшимдур,

---

a **53:1-2** 1Пат 23:19; 26:1.

Жанымды қоллап
қуўатлайтуғын Ийемдур.
7 Ол душпанларымның
жаўызлығын өзлерине
қайтарар,
Қудайым, садықлығың ҳақы
оларды қырып тасла!

8 Саған өз ықтыярым менен
қурбанлық усынаман,
Атыңды тәрийиплеймен,
Жаратқан Ийе, өйткени ол
ийгидур.
9 Қутқардың мени ҳәр түрли
апатлардан,
Көзлерим көрди
душпанларымның
жеңилисин.

## 54

1 *Атқарыўшылардың жетекшисине. Тарлы саз әсбапларында айтылатуғын Даўыттың нәсият жыры*

2 Қудай, қулақ сал дуўама,
Жалбарыныўыма итибарсыз
болма.
3 Қулақ салып, тыңла мени,
Тынышсызланып, азап шегемен,
4 Душпанларымның даўысынан,
жаўыздың зулымынан.
Олар басыма қайғы-ғам алып
келеди,
Ғәзепленип, маған душпанлық
қылады.

5 Жүрегим сызлайды ишимде,
Өлим қорқынышы туўды
басыма.
6 Сескениў ҳәм титиреў басты
мени,
Қәўетер қаплады денемди.
7 Сонда мен: «Қәнекей, кептердей
қанатларым болса,
Ушып кетип, тынышланар едим.
8 Шынында да, алысларға кетип,
Елсиз жерде мәканлар едим.
Селаҳ
9 Күшли самал ҳәм боранлардан
қашып,
Өзиме пана табыўға асығар
едим», – дедим.
10 Ийем, оларды алжастыр,
Олардың жобаларын бузып
жибер.
Қалада зорлық ҳәм жәнжелди
көрип турыппан.
11 Олар күни-түни қала
дийўалларының үстинде
ызғыйды,
Жаўызлық ҳәм апат қала
ишинде жүз берип атыр.
12 Оның ортасында ўайраншылық
бар,
Жалған ҳәм ҳийлекерлик
арымас майданынан.

13 Егер жаўым мени кейисе,
Буны көтере алар едим,
Душпаным меннен өзин
жоқары қойса,
Оннан жасырынған болар едим.
14 Бирақ сен, маған теңлес болған
адам,
Достым ҳәм жақыным.
15 Бизлер сырлас дос едик,
Қудайдың Үйине бирге барар
едик.
16 Өлимге дуўшар болсын
душпанларым,
Тирилей өлилер мәканына
түссин,
Себеби үйлери ҳәм жүреклери
жаўызлыққа толыдур.

17 Ал мен Қудайды шақыраман,
Жаратқан Ийе қутқарар мени.

18 Түнде, таңда ҳәм күндиз,
Жалбарынып, дад саламан,
Ол еситеди даўысымды.
19 Маған қарсы шыққанлар көп
болса да,
Аманлық ишинде қутқарар
жанымды.
20 Әзелден тахтта отырған Қудай,
Селаҳ
Мени еситип, оларды
бойсындырады.
Оларда өзгерис жоқ,
Қудайдан қорқпайды.

21 Жолдасым достына қарсы қол
көтерди,
Дүзген келисимимизди бузды.
22 Оның аўзынан пал тамады,
Бирақ жүрегинде душпанлық.
Сөзлери майдан да жағымлы,
Бирақ булар жалаңашланған
қылышдур.

23 Жүгиңди Жаратқан Ийеге тапсыр,
Ол саған сүйениш болады.
Ҳасла жол қоймас,
Ҳақ адамның қулаўына.

24 Сен, Қудай, өлим шуқырына
ылақтырасаң жаўызларды,
Өмириниң жартысын да
көрмес қанхор ҳәм
қыянетшилер.
Ал мен Саған үмит байлайман.

# 55

1 *Атқарыўшылардың жетекшисине. «Узақтағы үнсиз кептер» намасына. Филист халқы Даўытты Гат қаласында тутып алғанда[a], оның айтқан жыры*

2 Қудай, маған реҳим ет,
Адамлар мени қуўдалап атыр,
Күни бойы ҳүжим қылып,
қысқыға алып атыр.
3 Душпанларым күни бойы изиме
түсип, мени излеп атыр,
Маған қарсы шыққанлар
көпдур, уллы Қудай!
4 Қорққанымда, Саған үмит
байлайман.
5 Қудай, сөзиңди мақтайман,
Қудайға үмит байлайман,
қорқпайман.
Адамзат маған не қыла алады?

6 Күни бойы жаўларым
сөзлеримди бурмалайды,
Олардың ой-пикирлери маған
жаўызлық ислеў.
7 Олар тил бириктирип, буққыда
жатады,
Жанымды алыў ушын, ҳәр бир
адымымды аңлыйды.
8 Жынаятларының жазасынан
қутылып қала ма олар?
Қудай, ғәзебиң менен оларды
жерге ур!

9 Сергиздан күнлерим Сениң
алдында есаплы,
Көз жасларымды ыдысыңа
салып қой.
Булар китабыңда жазылған
емес пе?
10 Сени шақырған ўақтымда,
Душпанларым артқа шегинеди.
Мынаны билемен: Қудай мен
тәрепте.

11 Сөзин өзим мақтап атырған
Қудайға,

---

a **55:1** 1Пат 21:10-15; 27:1-4.

Сөзин өзим мақтап атырған
Жаратқан Ийеге,
12 Қудайға үмит байлайман,
қорқпайман,
Адамзат маған не қыла алады?

13 Қудай, Саған берген
ўәделеримди орынлайман,
Миннетдаршылық
қурбанлықларын Саған
арнайман.
14 Жанымды өлимнен қутқарып
қалдың,
Аяқларымды сүрнигиўден
сақладың,
Соның ушын, Қудай, Сениң
алдында,
Өмир нурында жүремен.

*(Заб 107:2-6)*

# 56

1 *Атқарыўшылардың жетекшисине. «Жоқ етпе» намасына айтылады. Даўыттың Шаулдан қашып, үңгирге киргенде[a] айтқан жыры*

2 Рехим ет маған, Қудай, рехим ет
маған,
Жаным Сенде паналайды.
Апат өтип кеткенше,
Паналайман қанатларыңның
саясында.

3 Жалбарынаман Қудай Таалаға,
Мен ушын ийгилик қылатуғын
Қудайға.
4 Көктен маған қутқарылыў
жибереди,
Мени қуўдалағанларға кейис
сөз айтады, Селаҳ
Қудай Өз сүйиспеншилигин
ҳәм садықлығын жибереди.

5 Жаным арысланлар арасында
қалды,
Адам денесин жейтуғынлардың
арасында жатырман,
Тислери найза ҳәм садақ оғы,
Тиллери өткир қылыш.

6 Көктен де жоқары уллылана бер,
Қудай,
Даңқың пүткил жер жүзине
жайылсын!

7 Душпанларым аяқларым
астына аў таслады,
Руўхым түсип кетти.
Жолыма шуқыр қазды,
Ишине олардың өзлери түсти.
Селаҳ

8 Жүрегим Саған садық, Қудай,
жүрегим садық,
Сени жырлап, саз шертемен.
9 Оян, ҳәй жаным,
Оян, ҳәй арфа ҳәм лира,
Ерте таңды мен оятайын!
10 Халықлар арасында Сени
алғыслайман, Ийе,
Миллетлер арасында саз шертип,
Саған алғыс айтаман.
11 Сүйиспеншилигиң көклерге
жетер,
Садықлығың бултларға уласар.
12 Көктен де жоқары уллылана бер,
Қудай,
Даңқың пүткил жер жүзине
жайылсын!

# 57

1 *Атқарыўшылардың жетекшисине. «Жоқ етпе» намасына айтылады. Даўыттың жыры*

---

a **56:1** 1Пат 22:1; 24:4.

2 Ҳәй, ҳүкимдарлар, шынында
да, сизлер әдил қарар
шығарасыз ба?
Адам улларын әдалатлық пенен
ҳүким қыласыз ба?
3 Яқ, сизлер жүрегиңизде
наҳақлық дүзесиз,
Зорлық шашар қолларыңыз
жер жүзинде.

4 Жаўызлар еле туўылмасынан
алдын жолдан адасар,
Анасының қарнында-ақ
адасып, жалған сөйлер.
5 Олардың зәҳәри жыланның
зәҳәриндей,
Кобрадай қулақларын
бекитеди.
6 Жылан ойнатыўшылардың
даўысын,
Күшли порханның зикирин
еситпейди.

7 Қудай, олардың аўзындағы
тислерин сындыр,
Арысланлардың жақларын
сындыр, Жаратқан Ийе!
8 Ағып кететуғын суўдай жоқ
болсын,
Садақларын кергенде, оқлары
сынып кетсин.
9 Ерип кеткен суў өгизиндей жоқ
болсын,
Ана қарнынан түскен түсиктей,
олар қуяшты көрмесин.
10 Жанып турған тикен қазанды
қыздырмай турып,
Оларды соншелли тез жоқ қыл.

11 Жаўыздан өш алынғанын
көрип, ҳақ адам қуўанар,
Аяқларын жаўызлардың
қанына жуўар.
12 Сонда адамлар: «Шынында, ҳақ
адамға сыйлық бар,
Жер жүзинде ҳүким
шығарыўшы Қудай бар», –
дейди.

# 58

1 *Атқарыўшылардың жетекшисине. «Жоқ етпе» намасына айтылады. Шаул Даўытты өлтириў ушын, үйин аңлыўға адам жибергенде[a], Даўыттың айтқан жыры*
2 Қудайым, мени
душпанларымнан қутқар!
Маған қарсы шыққанлардан
аман сақла.
3 Жынаятшылардан мени сақла,
Қанхорлардан қутқар.

4 Қара, олар жанымды алыў
ушын, аңлып жатыр,
Жазығым ҳәм гүнам болмаса
да, Жаратқан Ийе,
Күшлилер маған қарсы
бирлеспекте.
5 Айыбым болмаса да,
Маған қарсы ҳүжим етиўге
асығып атыр.
Маған жәрдем бериў ушын тур,
аўҳалыма қара!
6 Сен, Әлемниң Қудайы Жаратқан
Ийе,
Израил халқының Қудайы,
Тур, барлық халықларды
жазала,
Ҳеш бир жаўыз жынаятшыны
аяма. Селаҳ

7 Олар кеште қайтып келеди,

---

a **58:1** 1Пат 19:11.

Ийтлердей ырылдасып,
қаланың ишинде ызғып жүреди.
8 Қара, олардың тиллеринен сөгис төгиледи,
Аўызларынан қылыш шығады.
Олар: «Ким бизлерди еситер еди?» – деп ойлайды.
9 Бирақ Сен олардың үстинен күлесең, Жаратқан Ийе,
Барлық халықларды масқара қыласаң.
10 Күш-қуўатым Сенсең, Саған интизарман,
Сен мениң қорғанымсаң, Қудай!
11 Қудайым сүйиспеншилиги менен қарсы алар мени,
Мени аңлыған жаўларымның қулаўын көрсетер маған.

12 Оларды өлтирме, болмаса халқым умытып кетеди,
Қудиретиң менен оларды гезенде қылып, тарқат,
Кейин оларды жерге ур, Ийе, қалқанымыз.
13 Олардың аўзынан шыққан гүналары ушын,
Тиллери менен сөйлеген сөзлери ушын,
Айтқан нәлет ҳәм жалған сөзлери ушын,
Өзлериниң менменлигиниң дузағына түссин.
14 Ғәзебиң менен жоқ қыл оларды,
Биреўин де қалдырмай қырып тасла.
Сонда Қудайдың Яқып урпақларының үстинен ҳүкимдар екенин,
Жер жүзиниң шетине дейин биледи. Селаҳ

15 Олар кеште қайтып келеди,
Ийтлердей ырылдасып,
қаланың ишинде ызғып жүреди.
16 Аўқат табыў ушын гезеди,
Түнди аш қарны менен өткереди.

17 Ал мен Сениң күш-қудиретиңди жырлайман,
Таң азаннан сүйиспеншилигиң ушын шадланып бақыраман.
Өйткени Сен маған қорған,
Апатта қалғанымда, пана болдың.
18 Күш-қуўатым мениң, саз шертип, Сени алғыслайман,
Сен мениң қорғанымсаң,
Маған сүйиспеншилик көрсеткен Қудайымсаң.

*(Заб 107:7-14)*

# 59

1-2 *Атқарыўшылардың жетекшисине. «Келисим лала гули» намасына айтылады. Тәлим ушын арналған. Даўыт Арам-Наҳарайым ҳәм Арам-Соба халқы менен урысқаннан соң, Иоаб қайтып келип, он еки мың эдомлыны Дуз ойпатлығында өлтиргенде*[a]*, Даўыттың айтқан жыры*
3 Қудай, бизлерден бас тарттың,
Бизлердиң қорғанымызды жарып өттиң,
Ғәзеплендиң, енди алдыңғы аўҳалымызға бизлерди қайтар!

---

a **59:1-2** 2Пат 8, 10; 1Жлн 18–19.

4 Жерди силкип, оны жардың,
Жарықларын дүзет, ол
шайқалып атыр.
5 Халқыңа аўыр жағдайлар
бердиң,
Тентиреклеп жүрсин, деп
бизлерге шарап ишкиздиң.

6 Душпан оқларынан сақланыў
ушын,
Өзиңнен қорқатуғынларға
байрақ көтерт. Селаҳ
7 Оң қолың менен жеңис бер,
бизлерди есит,
Өз сүйгенлериң қутқарылсын!

8 Қудай Мухаддес мәканында
былай деди:
«Йошланып, Шехемди бөлемен,
Суккот ойпатлығын өлшеп
беремен.
9 Гилад Меникидур, Менашше де
Меники,
Эфрайым дуўлығам, Яҳуда
ҳүкимдарлық ҳасам.
10 Моаб жуўынатуғын ләгеним,
Эдомға аяқ кийимимди
таслайман,
Филист жеринде жеңис
дабылын қағаман».

11 Ким мени қорғанлы қалаға
алып барады?
Ким маған Эдомға дейин жол
көрсетеди?
12 Қудай, Сен емессең бе?
Бирақ Сен бизлерден жүз
бурдың,
Әскерий ордамызға басшылық
етпей қойдың.
13 Душпанға қарсы гүресте жәрдем
бер,
Адамзаттың жәрдеми бийҳудадур.
14 Қудай, Сениң жәрдемиң менен
қаҳарманлық көрсетемиз,
Душпанларымызды басқылап
таслайсаң.

# 60

1 *Атқарыўшылардың жетекшисине. Тарлы саз әсбапларында айтылатуғын Даўыттың жыры*
2 Қудай, есит наламды,
Тыңла мениң дуўамды!
3 Жердиң арғы шетинен Саған
жалбарынаман,
Жүрегимди қәўетер басты.

Шығып болмас бәлент
жартасқа алып шық мени.
4 Сен мениң панам болып
киятырсаң,
Душпанға қарсы беккем
қорғансаң.

5 Шатырыңда мәңги жасайын,
Қанатларың саясына
паналайын. Селаҳ
6 Қудай, Сен ўәделеримди
еситтиң,
Маған атыңнан қорқатуғынларға
берилетуғын сыйлықтан
бердиң.

7 Патшаның өмирин узақ қыл,
Өмир жыллары әўладтан-
әўладқа даўам етсин.
8 Қудайдың алдында ол мәңги
тахтында отырсын,
Оны сүйиспеншилигиң ҳәм
садықлығың менен қорға!

9 Сонда саз шертип, Сениң
атыңды мәңги алғыслайман,
Ҳәр күни берген ўәдемди
орынлайман.

# 61

1 *Атқарыўшылардың жетекшиси Едутун ушын. Даўыттың жыры*

2 Жаным тек ғана Құдайда
тынышлық табар,
Қутқарылыў маған Оннан
келер.
3 Жалғыз Ол мениң қорғаўшы
жартасым,
Қутқарылыўым ҳәм қорғаным,
Мен ҳасла сүрникпеймен.

4 Ҳәй, душпанлар, қыйсық
диййўалға уқсаған,
Қулайын деп турған қорадай
болған маған,
Қашанға дейин ҳүжим қыласыз?
5 Сизлердиң жобаңыз жоқарғы
дәрежемнен төмен түсириў,
Жалған сөзлерден ләззет аласыз,
Аўзыңыз бенен пәтия берип,
Ишиңизден нәлет айтасыз. Селаҳ

6 Ҳәй жаным, жалғыз Құдайдан
тынышлық тап,
Мениң үмитим Оның Өзи.
7 Жалғыз Құдай мениң қорғаўшы
жартасым, қутқарыўшым,
Қорғаным Олдур, соның ушын,
сүрникпеспен.
8 Қутқарылыўым ҳәм абырайым
Құдайдан келер,
Құдиретли жартасым, панам
Олдур.

9 Ҳәй халық, ҳәмме ўақытта
Оннан үмит қылың,
Жүрегиңизди Оған ашың,
Бизлердиң панамыз Құдайдур.
Селаҳ

10 Адамзат ҳеш нәрсе емес,
Аўа, адам баласы өткинши.
Егер тәрезиге тартылса,
Олар ҳаўадан да жеңил.
11 Тонаўшылыққа исенип қалма,
Урланған малға үмит байлама,
Егер байлығың көбейип қалса,
оған кеўил қойма.

12 Құдай бир мәрте сөйледи,
Буны еки мәрте еситтим:
Күш-құдирет Құдайда.
13 Сүйиспеншилик те Сенде, Ийе!
Ҳәр бир адамға қылған исине
жараса қайтарасаң.

# 62

1 *Даўыттың Яҳуда шөлинде айтқан жыры*

2 Құдай, Сен мениң Құдайымсаң,
Сени барлығым менен излеймен,
Жаным Сени аңсайды,
Кеўип, қуўрап ҳәм суўсыз
қалған жерде,
Денем Саған интизар.
3 Мухаддес Ибадатханаңда нәзер
таслadым Саған,
Күш-құдиретиңди ҳәм
даңқыңды көрдим.
4 Сениң сүйиспеншилигиң
өмирден абзалдур,
Соның ушын, тилим Сени
алғыслар.
5 Өмирим бойы Саған алғыс
айтаман,
Сениң атың менен қолларымды
жоқары созаман.
6 Майлы жилик жегендей жаным
тояды,
Шадлы даўыс пенен аўзым
Саған алғыс-мақтаў
айтады.

7 Төсегимде жатқанымда, Сени
еслеймен,
Түни бойы Сени ойлап шығаман.

8 Сен маған жәрдемши болдың,
Қанатларыңның саясында
шадланып бақыраман.
9 Кеўлим Саған беккем байланған,
Оң қолың мени қоллап
қуўатлайды.

10 Ал жанымды алыўды қәлеп
атырғанлар,
Жердиң түбине түсип, жоқ
болады.
11 Олар қылыштың соққысына
дуўшар болып,
Сағалларға жем болады.
12 Патша болса, Қудайдан шадлық
табады,
Қудай ҳақы ант еткенлер
қуўанышын жәриялайды,
Өтирикшилердиң аўзы
жабылады.

# 63

1 *Атқарыўшылардың жетекшисине. Даўыттың жыры*

2 Қудай, қулақ сал арзыма,
Жанымды душпан
қорқынышынан қорға.
3 Напәклердиң жаўыз жобасынан,
Жаўызлардың топарынан
сақла мени.
4 Олар тиллерин қылыштай етип
қайрап,
Зәҳәрли сөзлери оқ сыяқлы
нышанды гөзлеген.
5 Олар айыпсызға оқ атыў ушын
буққыда жатады,
Оған күтилмегенде қорқпастан
атады.
6 Бир-бириниң жаўыз нийетлерин
қоллап қуўатлайды,
Жасырын дузақ қурыў ушын
тил бириктиреди,
«Буны ким көрер еди?» – деседи.
7 Олар әдилсизликти излеп,
«Әжайып бир жоба дүздик», –
деп айтады.
Адамзаттың ишки дүньясы ҳәм
жүреги терең сырдур.

8 Бирақ Қудай оларға оқ атады,
Тосаттан олар жарақатланады.
9 Өз тиллери менен өз басына
жетеди,
Аўҳалын көргенлердиң жүреги
суўлайды.
10 Барлық адамларды қорқыў
бийлейди,
Олар Қудайдың ислерин
жәриялайды,
Оның ислери ҳаққында ойланады.
11 Ҳақ адам Жаратқан Ийеде
қуўанады,
Оннан пана табады,
Барлық пәк жүреклилер
қуўанышын жәриялайды.

# 64

1 *Атқарыўшылардың жетекшисине. Даўыттың жыры. Қосық*

2 Қудай, Сионда алғыс-мақтаў
Саған тийисли,
Саған берилген антлар
орынланады.
3 Сен дуўаларымызды еситесең,
Барлық адамзат Саған келеди.
4 Гүна аўырманлығынан
қыйналып жүргенде,
Сен қылмысларымызды
кеширесең.
5 Қандай бахытлы ҳәўлилериңде
жасаўы ушын,
Сен таңлаған, Өзиңе
жақынлатқан адам!
Үйиңниң, мухаддес
Ибадатханаңның,
Жақсы жемислерине тоямыз.

6 Қутқарыўшымыз Қудай,
ҳақлығың менен,
Таң қаларлық ислериң менен
бизлерге жуўап бер.
Сен жер жүзиниң төрт
тәрепиниң,
Узақ теңизлердиң үмитисең.
7 Күш-қудирет пенен
қуралланғансаң,
Өз күшиң менен таўларды
жайластырғансаң.
8 Теңизлердиң ҳәм олардың
толқынларының
шаўқымын,
Және де, халықлардың
қозғалаңын
тынышландырасаң.
9 Дүньяның арғы шетинде
жасайтуғынлар,
Кәраматлы белгилериңди
көрип қорқыўға түсер.
Шығыстан батысқа дейинги
халықларды,
Қуўанышлы даўысларға
толтырасаң.

10 Жерге ғамхорлық қылып, оның
шөлин қандырасаң,
Оны молдан байытасаң.
Қудай, Сениң салмаларың суўға
толы,
Адамларға ғәлле бересең,
Жерди соған таярлағансаң.
11 Қарықларын қандырып,
суўғарасаң,
Бийик жерлерин тегислейсең.
Жаўының менен оны
жумсартасаң,
Оның өнимин берекетли
қыласаң.
12 Ийгилигиң менен жылға таж
кийдиресең,
Жүрген жолларыңнан байлық
ағып турар.
13 Шөл отлақ жерге айланар,
Төбешиклер шадлыққа бөленер.
14 Жайлаўлар сүриўлер менен
қапланар,
Ойпатлықлар дәнге кийинер,
Олар қуўаныштан бақырысып,
қосық айтар.

# 65

1 *Атқарыўшылардың жетекшисине. Қосық, жыр*
Ҳәй, жер жүзиндеги барлық
адамлар,
Бәлент даўыс пенен Қудайда
шадланың!
2 Оның уллы атын саз шертип,
алғыслаң,
Оған салтанатлы түрде алғыс
айтың!
3 Қудайға айтың: «Сениң ислериң
қандай қорқынышлы!
Қудиретиңниң уллылығынан,
Душпанларың Сеннен
айбынады.
4 Пүткил жер жүзи Саған тәжим
қылады,
Олар Саған арнап қосық
айтады,
Аўа, саз шертип, Сениң атыңды
алғыслайды». Селаҳ

5 Келиң, Қудайдың не
ислегенлерин көриң!
Қандай қорқынышлы ислер
иследи адамзат ушын:
6 Ол теңизди қурғақ жерге
айландырды[a],

---

[a] **65:6** Шығ 14–15.

Ата-бабаларымыз дәрьядан
жүрип өтти[a],
Қуўанайық Оның сол ислерине!
7 Қудирети менен мәңги
ҳүкимдарлық етеди,
Көзлери миллетлерди бақлап
турады.
Қозғалаңшылар менменликке
берилмесин. Селаҳ

8 Ҳәй, халықлар, Қудайымызға
алғыс айтың,
Оған айтқан алғыс-мақтаўыңыз
жаңласын.
9 Ол өмиримизди сақлады,
Аяқларымыздың тайып
кетиўине жол қоймады.

10 Қудай, Сен бизлерди сынадың,
Гүмисти отта тазалағандай
етип тазаладың.
11 Бизлерди дузаққа жолықтырдың,
Желкемизге аўыр жүк жүкледиң.
12 Саўаш арбаларын басымыздың
үстинен жүргиздиң,
Оттан ҳәм суўдан кешип өттик,
Бирақ кейин абаданшылыққа
алып келдиң.

13 Жандырылатуғын қурбанлықлар
менен Үйиңе бараман,
Берген ўәделеримди орынлайман.
14 Апатта қалғанымда, аўзымнан
шыққан еди,
Тилим менен берген едим
ўәделерди.
15 Семиртилген ҳайўанларды
жандырылатуғын
қурбанлыққа беремен,
Қошқарды түтетип Саған
усынаман.
Мал ҳәм текелерди қурбанлық
етип беремен. Селаҳ

16 Келиң, тыңлаң, ҳәй, Қудайдан
қорқатуғынлар,
Мен ушын Оның не ислегенин
сизлерге айтып берейин.
17 Аўзым менен Оны шақырдым,
Тилим менен Оны уллыладым.
18 Егер жүрегимде жаўыз нийет
болса,
Онда Ийе мени еситпес еди.
19 Бирақ Қудай тыңлады мени,
Дуўа еткенимде, даўысыма
қулақ салды.
20 Алғыслар болсын Қудайға,
Ол дуўамнан бас тартпады,
Сүйиспеншилигин меннен
аямады.

# 66

1 *Атқарыўшылардың жетекшисине. Тарлы саз әсбапларында айтылады. Жыр. Қосық*
2 Қудай, бизлерге мийримли
болып, жарылқа,
Жүзиңниң нуры түссин
үстимизге. Селаҳ
3 Солай етип, жер жүзи Сениң
жолыңды,
Барлық миллетлер Сениң
қутқарыўыңды билсин.

4 Халықлар Саған алғыс айтсын,
Қудай,
Барлық халықлар Саған алғыс
айтсын!

5 Миллетлер қуўанып, шадланып
бақырсын,
Сен халықларды әдалатлық
пенен ҳүким қыласаң,

---

[a] **65:6** Ешу 3.

Жер жүзиндеги миллетлерди
жетелейсең. Селаҳ

6 Қудай, халықлар Саған алғыс
айтсын,
Барлық халықлар Саған алғыс
айтсын!

7 Жер өз өнимин берди,
Қудай, Қудайымыз бизлерди
жарылқасын.
8 Қудай бизлерди жарылқасын,
Дүньяның төрт тәрепиндегилер
Оннан қорқсын!

## 67

1 *Атқарыўшылардың жетекшисине. Даўыттың жыры. Қосық*

2 Қудай қозғалады, тарқалып
кетеди душпанлары,
Оны жек көргенлер алдынан
қашады.
3 Самал айдаған түтин сыяқлы,
Сен оларды айдап жибересең,
Отта ериген мум сыяқлы,
Қырылады жаўызлар
Қудайдың алдында.
4 Ал ҳақ адамлар болса,
қуўанады,
Қудайдың алдында йошланады,
Қуўанып шадланады.

5 Қудайымызды жырлаң,
Саз шертип, Оның атына алғыс
айтың.
Бултлар үстинде келетуғынды
уллылаң,
Оның аты – Жаратқан Ийе!
Оның алдында йошланың!
6 Мухаддес мәканындағы Қудай,
Жетимлердиң әкеси,
жесирлердиң ҳуқықын
қорғаўшы.
7 Қудай жалғыз баслыны үйли
қылар,
Тутқынларды аман-есен азат
етер,
Қозғалаңшылар болса, ыссы
шөлде қалар.

8 Қудай, Өз халқыңның алдында
жүргениңде,
Шөл арқалы жүргениңде,
Селаҳ
9 Қудайдың, Синайдағы
Қудайдың алдында,
Қудайдың, Израилдың
Қудайының алдында,
Жер силкинди, көклерден
жаўын жаўды.
10 Мол жаўын жаўдырдың, Қудай,
Күшсизленген жериңе қайтадан
күш бердиң.
11 Халқың ол жерге мәкан басты,
Қудай, ийгилигиң менен
мүтәжлерди тәмийинледиң.

12 Ийеден хабар келеди,
Көп ҳаяллар мына хабарды
жеткизеди:
13 «Душпан әскерлери қашып
баратыр,
Патшалары менен бирге
қашып баратыр!»
Үйде қалған ҳаяллар олжаны
бөлисип алады!
14 Олар қанатлары гүмиске,
Пәрлери сап алтынға
қапланған кептерге мегзер.
Ҳәй, еркеклер, саўаш күни не
ушын жайлаўда жатырсыз?
15 Қудирети күшли Қудай
патшаларды тарқатып
жибергенде,
Салмон таўындағы қар боранға
мегзеди.

16 Ҳәй, уллы таў, Башан таўы!
Ҳәй, шоққылары көп таў,
Башан таўы!
17 Ҳәй, шоққылары көп таў,
Қудай мәкан қылыўға таңлаған
таўына,
Қудай мәңги мәкан қылатуғын
таўға,
Не ушын қызғаныш пенен
қарайсаң?

18 Қудайдың саўаш арбалары сан-
санақсыздур,
Ийемиз мухаддеслик ишинде
Синайдан келер.
19 Сен жоқары шықтың,
тутқынларды тутқын еттиң,
Адамлардан, ҳәтте,
қозғалаңшылардан сыйлар
қабылладың,
Ол жерде жасайсаң, Қудай Ийе.

20 Ҳәр күни жүгимизди
көтеретуғын Ийеге,
Бизлерди қутқаратуғын
Қудайға алғыслар болсын.
Селаҳ
21 Қудайымыз – қутқарыўшы
Қудайдур,
Өлимнен қутқаратуғын – Қудай
Ийедур.

22 Аўа, Қудай Өз душпанларының
басын,
Гүна жолында жүргенлердиң
шашлы геллесин езеди.
23 Ийе былай дейди:
«Душпанларыңды Башаннан
қайтарып алып келемен,
Теңиз түбинде болса да алып
шығаман.
24 Сонда аяқларыңды олардың
қанына батырасаң,
Ийтлер де қан жалап, өз үлесин
алады».

25 Қудай, Сениң жеңис
кәрўаныңның,
Қудайымның, Патшамның
мухаддес Ибадатханасына,
Салтанатлы киятырғаны
көринер.
26 Алдында жыршылар,
кейининде сазенделер,
Ортасында дәп қаққан жас
қызлар.
27 «Ҳәй, сизлер, Израил
тұқымынан болғанлар,
Жыйыныңызда Қудайға,
Жаратқан Ийеге алғыс-
мақтаў айтыңлар!»
28 Алдында ең кишкенеси Бенямин
урыўы,
Изинен өз топарлары менен
Яҳуда басшылары келеди,
Зебулон ҳәм Нафталий
басшылары оларға ереди.

29 Қудай, көрсет күш-
қудиретиңди,
Және көрсет бизлер ушын
қолланған күшиңди,
30 Ерусалимдеги Ибадатханаңнан!
Патшалар Саған саўғалар алып
келеди.
31 Бақыр, қамыс арасындағы сол
бир жабайы ҳайўанға,
Бузаўлар арасында күшли
буғалардай[a] болғанларға.
Олар алдында мүләйим болып,
гүмислерин Саған саўға
қылсын,

---

[a] **67:31** *Жабайы ҳайўан... күшли буғалар* – бул Мысыр болыўы мүмкин.

Тарқатып жибер саўаштан
рәҳәтленетуғын
халықларды!
32 Мысырдан елшилер келеди,
Хабаштан халқы асығып,
қолларын Саған созады.

33-34 Жер жүзиндеги патшалықлар,
Көклерде, әййемнен бар
көклерде айланып жүрген
Қудайды жырлаң,
Ийеге арнап саз шертип, алғыс
айтың, Селаҳ
Тыңлаң, Оның айбатлы даўысы
гүркирейди!
35 Қудайдың қүдиретин жәрия
қылың,
Оның уллылығы Израилдың
үстинде,
Күш-қүдирети көклерде.
36 Қудай айбатлыдур Өзиниң
мухаддес Ибадатханасында,
Израилдың Қудайы күш-қуўат
берер Өз халқына.
Қудайға алғыслар болсын!

# 68

1 *Атқарыўшылардың жетекшисине. «Лала гул» намасына айтылады. Даўыттың жыры*

2 Қудай, қутқар мени,
Суўлар алқымыма келди.
3 Шөгип баратырман түпсиз
батпаққа,
Аяғымды басатуғын қатты жер
жоқ.
Терең суўларға шөгип кеттим,
Күшли ағыс мени тартып
кетпекте.
4 Дад салыўдан диңкем қурыды,
Тамағым кеўип қалды,
Қудайымды күтип, көз нурым
сөнди.
5 Себепсиз мени жек көретуғынлар,
Басымдағы шашымнан да
көпдур.
Душпанларым маған қарсы
жалған сөйлер,
Олар күшли, мени өлтирмекши,
Урламаған нәрсемди
қайтарыўды талап қылар.
6 Қудай, ақылсызлығымды Өзиң
билесең,
Айыпларым Сеннен жасырын
емес.

7 Қудай, Әлемниң Ийеси,
Мен себепли уятқа қалмасын
Саған үмит қылғанлар!
Израилдың Қудайы,
Сени излегенлер мен себепли
шерменде болмасын!
8 Сен ушын шыдайман сөгислерге,
Шерменделик қаплайды
жүзимди.
9 Аға-инилериме жат адамдай
болдым,
Анамның уллары ушын
келгинди сыяқлыман.

10 Сениң Үйиңе болған ықласым
ишимди жейди,
Сени ақыретлегенлер мени
ақыретлеген болады.
11 Ораза тутып, дад салсам,
Мен масқара боламан.
12 Аза кийим кийсем,
Олар ушын әпсана боламан.
13 Қала дәрўазасы жанында
отырғанлар,
Мен туўралы өсек тоқыйды.
Мәскүнемлер мени мысқыллап,
қосық айтады.

14 Бирақ мен Саған дуўа етемен,
Жаратқан Ийе,

Мақул ўақытта, уллы
сүйиспеншилигиңниң
саясында, Қудай,
Исенимли қутқарыўың менен
жуўап бер маған.
15 Мени қутқар, батпаққа батып
кетпейин,
Мени жек көретуғынлардан
азат қыл,
Терең суўлардан мени сақлап
қал.
16 Күшли ағыс мени тартып
кетпесин,
Түпсиз суўлар мени жутпасын,
Қәбир үстимнен аўзын
жаппасын.

17 Жуўап бер маған, Жаратқан
Ийе,
Ийгиликлидур
сүйиспеншилигиң.
Уллы рeҳимиң себепли маған
қарай бурыл.
18 Өз қулыңнан жүзиңди жасырма,
Апат ишинде қалдым, тез
жуўап бер маған!
19 Жақынлап маған, қутқар
жанымды,
Душпанларымнан азат ет мени.

20 Мени қандай масқара қылғанын,
Шерменде болып, уятқа
қалғанымды билесең,
Душпанларымның ҳәммеси
Сениң қарсыңда.
21 Кейислер кеўлимди
жарақатлады, дәртке
толғанман,
Дәртлесетуғын биреўди
изледим, ҳеш ким жоқ,
Жигерлендиретуғын биреўди
изледим, оны да таппадым.
22 Аўқатыма олар зәҳәр салды,
Шөллегенимде, маған сирке
суўын берди.

23 Алдындағы дастурханы
өзлерине қақпан болсын,
Дослары ушын дузақ болсын!
24 Көзлерин қараңғылық басып,
көрмей қалсын,
Беллери мәңгиге бүгилип
қалсын.
25 Ашыўыңды төк олардың
үстине,
Лаўлаған ғәзебиң оларды
жутсын!
26 Олардың мәканы қаңырап
қалсын,
Шатырларында жасайтуғын
ҳеш ким қалмасын!
27 Олар Сен урған адамларды
қуўғын қылар,
Сен жарақатлаған адамлардың
жарасын өсек қылар.
28 Гүналары үстине гүна қоса гөр,
Сен оларды ақлама.
29 Атлары өмир китабынан
өширилсин,
Ҳақ адамлар менен бирге
жазылмасын!

30 Мен бийшараман ҳәм азап
шегип атырман,
Қудай, қутқар мени ҳәм
қәўипсиз жерде сақла!
31 Қудайдың атын қосық айтып
мақтайман,
Шүкирлик пенен Оны
уллылайман.
32 Бул шақлы ҳәм туяқлы буға
ямаса танадан гөре,
Жаратқан Ийеге көбирек мақул
болады.
33 Езилгенлер буны көрип,
қуўансын,

Ҳәй, Қудайды излегенлер,
жүрегиңиз жанлансын!
34 Жаратқан Ийе мүтәжлерди
еситеди,
Тутқын болған халқын жек
көрмейди.

35 Оған алғыс-мақтаў айтың, ҳәй,
аспан ҳәм жер,
Теңизлер ҳәм ондағы барлық
жаныўарлар.
36 Қудай Сионды қутқарады,
Яҳуда қалаларын қайта
тиклейди,
Халық орналасып, ол жерди
ийелейди.
37 Оның қулларының урпағы
жерди мийрас қылады,
Оның атын сүйгенлер ол жерге
мәкан басады.

*(Заб 39:13-17)*

## 69

1 *Атқарыўшылардың жетекшисине. Даўыттың ядқа салыў жыры*
2 Қудай, мени қутқарыўға,
Жаратқан Ийе, маған жәрдем
бериўге асық!
3 Жанымды алыўға умтылғанлар,
Шерменде болып, уятқа қалсын!
Маған зыян тийгизиўди
қәлегенлер,
Масқара болып, кейнине
қайтсын!
4 «Ҳәй-ҳәй!» деп масқаралағанлар,
Шерменде болып, изине
қайтсын.

5 Сени излегенлердиң ҳәммеси,
Сенде шадлық ҳәм қуўанышқа
толсын.
Сениң қутқарыўыңды
сүйгенлер:
«Қудай уллыдур!» – деп
бәрқулла айтып жүрсин!

6 Мен бийшара ҳәм ғәриппен,
Қудай, тезирек кел маған!
Жәрдемшим ҳәм қутқарыўшым
Өзиңсең,
Кешикпе, Жаратқан Ийе!

*(Заб 30:1-4)*

## 70

1 Жаратқан Ийе, Сени
паналайман,
Мени ҳасла шерменде қылма!
2 Әдалатлығың менен қутқарып,
азат қыл мени!
Маған қулағыңды түрип,
қутқар мени!
3 Паналайтуғын жартасым бол,
Ҳәмме ўақытта паналаўға ол
жерге бара алайын.
Мени қутқарыў ушын буйрық
бер,
Шынында да, Сен жартасым
ҳәм қорғанымсаң.

4 Қудайым, мени жаўызлардың
қолынан,
Әдалатсыз ҳәм залым адамның
пәнжесинен қутқар!
5 Сен мениң үмитимсең, Қудай
Ийе,
Жаслығымнан Саған исенемен.
6 Туўылғанымнан баслап, Саған
сүйендим,
Мени анамның қарнынан Сен
алып шықтың,
Ҳәмме ўақытта Саған алғыс-
мақтаў айтаман.

7 Көплер ушын өрнек болдым,
Сен мениң беккем панамсаң.
8 Аўзым толып тассын алғыс-
мақтаўға,

Күни бойы салтанатыңды
жәриялайман.
9 Қартайған шағымда, меннен жүз
бурма,
Күшим қайтқаннан кейин,
мени тәрк етпе!
10 Душпанларым маған қарсы тил
бириктирер,
Мени өлтириўди қәлегенлер
бир-бири менен кеңесер.
11 Олар: «Қудай оны тәрк етти,
Қуўып, услап алыңлар,
Оны қутқаратуғын ҳеш ким
жоқ!» – дейди.

12 Қудай, меннен узақласпа,
Қудайым, маған жәрдем
бериўге асық!
13 Шерменде болып, жоқ болсын,
мени айыплаўшылар,
Маған жаўызлық қылмақшы
болғанлар,
Уятқа қалып, бийабырай
болсын.
14 Ал мен ҳәмме ўақытта Сеннен
үмит қыламан,
Үсти-үстине Саған алғыс
айтаман.
15 Күни бойы Сениң әдил
ислериңди,
Қутқарыўың туўрысында
жәриялайман,
Оларды санап, ада болмаспан.
16 Қудай Ийе, құдиретиң себепли
келемен,
Сениң, жалғыз Сениң
әдиллигиңди баян
қыламан.

17 Қудай, жаслығымнан маған
Сен тәлим бердиң,
Елеге дейин, Сениң әжайып
ислериңди айтып жүремен.
18 Шашларым ағарып,
қартайғанымда да,
Тәрк етпе мени, Қудай!
Күшиңди келешек әўладқа,
Қудиретиңди кейинги
урпақларға жеткерейин.

19 Қудай, көклерге жетер
әдиллигиң,
Уллы ислер қылдың Сен,
Саған уқсаған ким бар, Қудай?
20 Сен маған көп аўыр апатлар
жибердиң,
Бирақ мени қайтадан
жанландырасаң,
Мени жердиң түбинен және
шығарып аласаң.
21 Абырайымды жоқарылатасаң,
Маған және жубаныш бересең.

22 Мен де арфа шертип, Саған
алғыс айтаман,
Садықлығыңды қосық етип
айтаман, Қудайым.
Лира шертип, Саған алғыс
айтаман, Израилдың
Муқаддеси!
23 Саз шертип, Саған алғыс
айтқанымда,
Аўзымнан шадлық даўысы
шығып,
Өзиң қутқарған жаным
қуўанады.
24 Тилим күни бойы Сениң
әдалатың ҳаққында
жәриялайды,
Маған жаўызлық қылыўды
қәлегенлер,
Уятқа қалып, шерменде болды.

# 71

1 *Сулайманның жыры*
Қудай, ҳүким шығарыўды
патшаға,

Әдалатлығыңды патшаның
улына сыйла.
2 Ол Сениң халқыңды әдалатлық
пенен,
Ғәриплериңди туўрылық пенен
ҳүким қылсын!
3 Таўлар халыққа абаданшылық,
Төбешиклер ҳақыйқатлық алып
келсин.
4 Патша жарлыларды қорғасын,
Кәмбағаллардың балаларын
қутқарсын,
Залымларды езип тасласын.
5 Қуяш ҳәм ай турғанындай,
Халқың әўладтан-әўладқа
Сеннен қорқып жасасын.
6 Патшамыз жаңа орылған атызға
жаўған жаўындай,
Топырақты суўғаратуғын
берекетли жаўындай
болсын.
7 Оның дәўиринде ҳақ адам
гүллеп, жаснасын,
Ай жоқ болып кетпегенше,
абаданшылық мол болсын.

8 Ол ҳүкимдарлық етсин бир
теңизден екинши теңизге
дейин,
Евфрат дәрьясынан жер
жүзиниң шетине дейин!
9 Оның алдында шөлде
жасайтуғынлар бас ийсин,
Душпанлары топырақ жаласын.
10 Таршиш ҳәм атаў үлкелериниң
патшалары,
Оған салық алып келсин.
Шеба ҳәм Себа патшалықлары
саўғалар усынсын.
11 Барлық патшалар алдында
тәжим қылсын,
Пүткил халықлар оған хызмет
етсин!
12 Ол нала шеккен жарлыға
жәрдем берер,
Сүйениши жоқ бийшараны
қутқарар.
13 Ғәрип ҳәм жарлыға реҳими
келер,
Жарлылардың жанын қутқарар.
14 Зорлық ҳәм зулымлықтан
оларды азат қылар,
Олардың қаны оның нәзеринде
әзиздур.

15 Патшаның өмири узақ болсын!
Шебаның алтыны оған
берилсин,
Тынымсыз дуўа етилсин ол
ушын,
Күни бойы оны жарылқасын!
16 Үлкеде дән мол болсын,
Таў басларында дән өнимлери
шайқалып турсын!
Масақлары Лебанон
тоғайындай мол болсын,
Қала халқы жердеги шөп яңлы
көбейсин!
17 Патшаның аты мәңги жасасын,
Қуяш сөнгенше, аты өшпесин,
Ол арқалы адамлар
жарылқансын,
Пүткил халықлар: «Ол қандай
бахытлы», – деп айтсын!

18 Жаратқан Ийе Қудайға,
Израилдың Қудайына
алғыслар болсын.
Кәраматлар ислейтуғын
жалғыз Олдур.
19 Оның уллы атына мәңги
алғыслар болсын,
Пүткил жер жүзи Оның
даңқына толсын!
Аўмийин! Аўмийин!

20 Ишай улы Даўыттың дуўалары
усы жерде тамамланды.

# 72

1 *Асафтың жыры*
Қудай ҳақыйқаттан да
Израилға,
Жүреги пәк болғанларға
ийгиликли.
2 Аяқларым тайып кете жазлады,
Сырғанап жығылыўдан сәл
қалдым.
3 Жаўызлардың абаданшылығын
көрип,
Сол менменлерге ишим күйди.

4 Олар өмириниң ақырына дейин,
қайғы не екенин билмес,
Денелери саў-саламат.
5 Адамзатта болатуғын
қыйыншылықты көрмес,
Басқалар сыяқлы азап шекпес.
6 Менменлик олардың
мойнындағы моншағы,
Жаўызлық үстиндеги кийими
сыяқлы.
7 Олардың көзлерин май басқан,
Жүреклери тәкаббирликке
толып тасқан.
8 Адамлардың үстинен күлип,
жаўыз нийетте сөйлер,
Менменлик етип, зулымлық
қылыўды жобаластырар.
9 Көклерге қарсы аўзын ашар,
Тиллери менен жер жүзин
ийелер.
10 Соның ушын, халық соларға
қарай жүз бурар,
Сөзлерин болса, суўдай етип
ишип алар.
11 Олар былай дейди: «Қудай
қалай биледи?
Қудай Тааланың хабары бар ма
еди?»
12 Мине, усындайдур жаўызлар,
Ҳәмме ўақытта тәшиўишсиз
жасар,
Өз байлығын арттырар.

13 Мен бийкарға жүрегимди пәк
тутқан екенмен-дә,
Айыпсызбан, деп қолларымды
жуўған екенмен-дә.
14 Күни бойы азап шегемен,
Ҳәр күни азанда жазаланаман.

15 Мен де олар сыяқлы сөйлейин,
десем,
Қыянет еткен боламан Сениң
ҳақыйқый халқыңа.
16 Буларды түсиниў ушын
ойланғанымда,
Мен ушын қыйын болды бул.
17 Сениң мухаддес Ибадатханаңа
киремен дегенше,
Түсинбеген едим олардың
ақырети не болатуғынын.

18 Шынында да, оларды тайғақ
жерге қойғансаң,
Жерге кулатып, ўайран қыласаң.
19 Олар күтилмегенде бирден
қырылып қалады,
Қорқынышлы апат ишинде
пүткиллей жоқ болады.
20 Оянғанда умытылып кететуғын
түс сыяқлы,
Сен қозғалғанда, Ийе,
Оларды елес сүлдердей көрип,
менсинбейсең.

21 Жүрегим ғамға толып,
Қәлбимде дәрт пайда болғанда,
22 Мен надан болып, билмеген
екенмен,
Саған ҳайўандай қатнаста
болдым.

23 Сонда да ҳәмме ўақытта Сениң
менен биргемен,
Мениң оң қолымнан услағансаң.
24 Нәсиятларың менен маған жол
көрсетесең,
Кейин мени даңққа қарай
жетелейсең.
25 Сеннен басқа кимим бар
аспанда?
Сеннен басқаны қәлемеймен
жер жүзинде.
26 Денем ҳәм қәлбим ҳәлсиреп
баратыр,
Бирақ Қудай – Сен жүрегимниң
күш-қуўатысаң,
Мениң мәңгилик үлесимсең.

27 Сеннен узақласқанлар өлип
кетеди,
Қырып таслайсаң Саған
опасызлық қылғанларды.
28 Ал мен ушын Қудай, Саған
жақын болыў жақсы,
Барлық ислериңди
жәриялайын деп,
Қудай Ийе, Сени пана қылып
алдым өзиме.

# 73

1 *Асафтың нәсият жыры*
Қудай, не ушын бизлерден
мәңги бас тарттың?
Не ушын Өзиң бағып атырған
қойларға ғәзебиңди
шашасаң?
2 Есле өтмиштеги ийелик қылған
жәмийетиңди,
Өз халқың қылыў ушын азат
еткен қәўимиңди,
Өзиң мәкан қурған усы Сион
таўын.
3 Адымларыңды тикленбей
турған қарабақанаға
қарай бур,
Душпан Мухаддес орындағы
барлық нәрсени қыйратты.

4 Ибадатхананда душпанларың
қышқырысты,
Ол жерге өз байрақларын
тикти.
5 Олар тоғайда терек шабыў
ушын,
Балтасын көтерген адамға
уқсайды.
6 Кейин олар ай балта ҳәм
балғалары менен,
Қыйратып таслады барлық
ойма ислерди.
7 Мухаддес мәканыңды өртеди,
Атың орналасқан мәканыңды
пүткиллей ҳарамлады.
8 Олар өз кеўлинде: «Оларды
пүткиллей қуртамыз», – деп,
Елдеги сыйыныў орынларын
өртеп жиберди.

9 Кәраматлы белгилериңди
көрмеймиз,
Енди пайғамбарлар да қалмады,
Бул қашанға дейин даўам
ететуғынын билетуғын,
Ҳеш ким қалмады бизлердиң
арамызда.
10 Қудай, қашанға дейин душпан
Сени ақыретлейди?
Жаў Сениң атыңа мәңгиге тил
тийгизе ала ма?
11 Не ушын қолыңды, оң
қолыңды артқа тартасаң?
Қойныңнан қолыңды шығарып,
оларды қырып тасла!

12 Қудай, әзелден мениң патшамсаң,
Жер жүзине жеңис алып келесең.
13 Күшиң менен теңизди екиге
бөлдиң,

Теңиз айдарҳаларының
басларын суў ишинде
ездиң.
14 Лиўятанның[a] басларын ездиң,
Шөлде жасайтуғынларға оны
азық қылып бердиң.
15 Суўдың көзлерин ҳәм
булақларды ашып ағызған
Сенсең,
Ағып турған дәрьяларды
қурғатып таслаған
Сенсең.
16 Күндиз Сеники, түн де Сеники,
Ай ҳәм қуяшты Сен орнаттың.
17 Сен жер жүзиниң барлық
шегараларын орнаттың,
Жазды да, қысты да Өзиң
жараттың.

18 Есиңде тут, Жаратқан Ийе,
душпан ақыретлеп атыр,
Ақмақ халықлар атыңа тил
тийгизип атыр.
19 Қумырыңның жанын
жыртқышларға тапсырма,
Бийшара бенделериңди
мәңгиге умытпа.

20 Дүзген келисимиңе нәзер сал,
Елдиң қараңғы жерлери
зорлыққа толған.
21 Езилген адам шерменде болып
қайтпасын,
Бийшара ҳәм жарлылар атыңа
алғыс-мақтаў айтсын.

22 Тур, Кудай, Өз исиңди қорға,
Ақмақлардың күни бойы Сени
масқара қылыўын есле.
23 Душпанларыңның
қышқырығын,
Саған қарсы шыққанлардың
тынбай көтерилген
шаўқымын умытпа.

# 74

1 *Атқарыўшылардың жетекшисине. «Жоқ етпе» намасына айтылады. Асафтың жыры. Қосық*

2 Алғыслаймыз Сени, Қудай,
алғыслаймыз,
Атың Сениң бизлерге жақын,
Адамлар әжайып ислериңди
жәриялайды.

3 Қудай былай дейди:
«Белгиленген ўақыт
келгенде,
Әдиллик пенен қазылық
етемен.
4 Жер жүзи ҳәм онда
жасайтуғынлар
шайқалады,
Бирақ беккем қылдым оның
сүтинлерин. Селаҳ
5 „Мақтанбаң!“ – дедим
мақтаншақларға,
Наҳақларға: „Көкирек
көтермең!
6 Көкирегиңизди жоқары
көтермең!
Менменлик пенен сөйлемең!“ –
дедим».

7 Шығыстан да, батыстан да,
Таўлы шөлден де ҳүким
шықпас.
8 Бирақ қазылық етиўши Қудай,
Бирин төменлетип, екиншисин
жоқарылатар.
9 Жаратқан Ийе қолында бир кесе
услап тур,

---

a **73:14** *Лиўятан* – теңизде жасайтуғын үлкен мақлуқ.

Ол дәмли араласпалы көпирген
шарапқа толы.
Оннан жер жүзиндеги барлық
наҳақларға қуяды,
Олар түбине дейин оны ишеди.

10 Ал мен Оның ислерин мәңги
жәриялайман,
Саз шертип, Яқыптың
Қудайына алғыс айтаман.
11 Ол барлық наҳақлардың
көкирегин басады,
Ҳақ адамлардың күшин
жоқарылатады.

# 75

1 *Атқарыўшылардың жетекшисине. Тарлы саз әсбапларында айтылатуғын Асафтың жыры. Қосық*

2 Яҳудада Қудай белгили,
Израилда Оның аты уллы.
3 Оның қонысы Салим[a]
қаласында,
Жасайтуғын мәканы Сионда.
4 Ол жерде сындырды отлы
оқларды,
Қалқан, қылыш ҳәм саўаш
қуралларын. Селаҳ

5 Аңға толы таўлардағы арыслан
киби,
Салтанатлы ҳәм қүдиретлисең.
6 Қаза таўып тоналған батыр
жаўынгерлер,
Мәңги уйқыға кетти.
Күшли жигитлердиң ҳеш бири
қолын қозғалта алмайды.
7 Яқыптың Қудайы, Сениң
қорқынышлы даўысыңнан,
Атлар ҳәм арбакешлер естен
танды.
8 Жалғыз Сен айбатлысаң,
Ким алдыңда тура алады
ғәзеплангениңде?
9-10 Дүньядағы езилгенлерди
қутқарайын деп,
Ҳүким шығарыў ушын турдың,
Қудай,
Көклерден ҳүкимиңди
жәриялағаныңда,
Жер жүзи қорқып, тым-тырыс
болып қалды. Селаҳ

11 Адамзаттың ғәзеби Сениң
даңқыңа айланар,
Қалған ғәзебин Өзиң басасаң.

12 Ўәде бериңлер Қудайыңыз
Жаратқан Ийеге,
Орынлаңлар өз ўәделериңизди.
Оның дөгерегинде болған
барлығыңыз,
Қорқынышлы Қудайға сыйлар
алып келиң.
13 Ол ҳүкимдарлардың руўхын
сөндирер,
Қорқыныш салар жер
жүзиндеги патшаларға.

# 76

1 *Атқарыўшылардың жетекшиси Едутун ушын. Асафтың жыры*

2 Даўыслап Қудайға
жалбарынаман,
Даўыслап Қудайды шақыраман,
Ол мени еситеди.
3 Қыйын күнимде Ийени изледим,
Түни менен қолларымды
түсирмей жайдым,
Кеўлим бас тартты
жубаныштан.
4 Қудайды еслесем, аҳ ураман,

---

a **75:3** *Салим* – Ерусалимниң ески аты.

Ой жуўыртсам, руўхым
ҳәлсирейди. Селаҳ

5 Көзлериме уйқы бермейсең,
Ҳәўлирип кеткенликтен,
сөйлей алмайман.
6 Өтмиштеги күнлер ҳаққында,
Өткен жыллар ҳаққында
ойлайман.
7 Түнде айтқан қосықларымды
еске аламан,
Өзим менен өзим сөйлесип,
Руўхым сораўларға жуўап
излер:
8 Ийе бизлерден мәңги бас тартты
ма?
Енди қайтып ҳеш қашан маған
мийиримиң түспей ме?
9 Оның сүйиспеншилиги мәңги
жоқ болғаны ма?
Берген сөзи әўладтан-әўладқа
даўам етпей ме?
10 Қудай рeҳим етиўди умытқаны
ма?
Мийрим-шәпәәтиниң орнын
ғәзеп басқаны ма? Селаҳ
11 Өзиме өзим былай дедим:
«Мине, мениң дәртим –
Қудай Тааланың Өз күшин
көрсетпеўи».

12 Жаратқан Ийе, Сениң
ислериңди еске аламан,
Бурынғы кәраматларыңды
еслеймен.
13 Сениң барлық ислериңди
түсиниўге тырысаман,
Уллы ислериң үстинде ой
жуўыртаман.

14 Қудай, жолың мухаддесдур!
Қудай, Сен сыяқлы басқа уллы
қудай бар ма?
15 Сен – кәраматлар ислейтуғын
Қудайсаң,
Халықлар арасында Өз
қудиретиңди көрсеттиң.
16 Өз күшиң менен халқыңды,
Яқып ҳәм Юсуп әўладларын
азат қылдың. Селаҳ

17 Суўлар Сени көрип, Қудай,
Суўлар Сени көрип, қорқып
кетти.
Түпсиз теңизлер титиреди.
18 Бултлардан жаўын қуйды,
Көклерден шақмақ шақты,
Сонда Сениң оқларың ушты.
19 Дүбелей ишинде даўысың
гүркиреди,
Жылдырымлар жер жүзин
жарық қылды.
Жер титиреп, ләрзеге келди.
20 Жолың теңиз арқалы,
Соқпағың уллы суўлар арқалы
өтти,
Излериң болса, көринбеди.
21 Муўса ҳәм Харонның қоллары
менен,
Халқыңды сүриў сыяқлы алып
жүрдиң.

## 77

1 *Асафтың нәсият жыры*
Тыңлаң, ҳәй халқым,
көрсетпелеримди,
Мениң сөзлериме қулақ түриң.
2 Тымсаллар айтыў ушын
аўзымды ашаман,
Өтмиштеги сырлы сабақларды
баян етемен,
3 Не еситип, билгенимизди,
Ата-бабаларымыздың бизлерге
айтып бергенин.
4 Балаларымыздан буларды
жасырмаймыз,
Жаратқан Ийениң даңқын,

Оның күшин,
Оның әжайып ислерин келешек
әўладқа баян етемиз.

5 Жаратқан Ийе Яқып урпағына
қағыйдалар орнатып,
Израилға нызам тайынлады.
Буларды балаларына үйретсин
деп,
Ата-бабаларымызға буйрық
берди.
6 Солай етип, келешек әўладлар
билсин,
Келешекте туўылатуғын балалар
да,
Буларды өз балаларына
жеткерсин.
7 Сөйтип, олар Қудайға үмит
байласын,
Қудайдың ислерин умытпасын,
Оның буйрықларын орынласын.
8 Жүреклери турақлы болмаған,
Руўхлары Қудайға садық
болмаған,
Ата-бабалары сыяқлы өжет,
қозғалаңшы әўлад
болмасын.

9 Садақ ҳәм оқлар менен
қуралланған Эфрайым
әўлады,
Саўаш күни кейнине бурылып
қашты.
10 Олар Қудайдың келисимин
сақламады,
Оның нызамы бойынша
жүриўден бас тартты.
11 Умытты Оның ислерин,
Өзлерине көрсеткен
кәраматларын.
12 Мысырда, Соан даласында,
Ол кәрамат иследи ата-
бабаларының көз алдында[a],
13 Теңизди екиге бөлип, оларды
алып өтти,
Суўларды дийўал сыяқлы етип
қойды[b].
14 Күндиз булт пенен,
Түнде оттың жақтысы менен
оларды алып жүрди[c].
15 Шөлде жартасларды қақ
айырып,
Теңиздей мол етип суў берди.
16 Жартастан булақлар ашып,
Суўларды дәрьядай ағызды[d].

17 Бирақ олар Оның алдында гүна
ислеўди,
Шөлде Қудай Таалаға қарсы
бас көтериўди даўам етти:
18 Жүреклеринде Қудайды сынап,
Кеўли күсеген аўқатты талап
қылды.
19 Олар Қудайға қарсы сөйлеп,
былай деди:
«Қудай шөлде дастурхан жая
ала ма?
20 Мине, Ол тасты урып, суў
шығарды,
Суўды дәрья қылып ағызды.
Енди халқына нан бере ала ма,
Гөш пенен де тәмийинлей ала
ма?»[e]

---

a **77:12** Шығ 7–12.
b **77:13** Шығ 14:21-29.
c **77:14** Шығ 13:21-22.
d **77:15-16** Шығ 17:1-7; Сан 20:2-11.
e **77:18-20** Шығ 16:2-3; Сан 11:4-6.

21 Жаратқан Ийе буны еситип,
қатты ғәзепленди,
Яқыпқа қарсы отын лаўлатып,
Израилға қәҳәрин шашты.
22 Себеби олар Қудайға исенбеди,
Оның қутқарыўынан үмит
етпеди.
23 Ол жоқарыдағы бултларға
буйрық берип,
Аспан қақпақларын ашты.
24 Халыққа жейтуғын манна
жаўдырды,
Көктеги дәннен берди оларға.
25 Адамлар периштелердиң нанын
жеди,
Тойғанынша аўқат жиберди
оларға[a].
26 Шығыс самалын естирди
аспанда,
Қүдирети менен қубла самалын
алып келди.
27 Шаңдай қылып, оларға гөш,
Теңиз қумындай мол етип
қуслар жаўдырды.
28 Оларды ордасының ортасына,
Мәкан қылған жердиң
дөгерегине қондырды.
29 Солай етип, халық тойғанынша
жеди,
Қәлегенинше оларға Қудай
берди.
30 Бирақ олардың күсеўи қайтпай
турып,
Аўқатлары еле аўзында екен,
31 Қудайдың ғәзеби оларға
шашылды,
Ең күшлилерин өлтирди,
Жерге қулатты Израилдың жас
жигитлерин[b].
32 Буған қарамастан, олар даўам
етти гүна ислеўин,
Оның әжайып ислерине
исенбеди.
33 Соның ушын, Қудай олардың
күнлерин бийҳудалық
пенен,
Жылларын қорқыныш ишинде
ақырына жеткерди.
34 Қудай оларды өлтирип
баслағанда,
Олар Оны излеп, қайта бет
бурды,
Пүткил барлығы менен
Қудайды изледи.
35 Қудай – өзлериниң қорғаўшы
жартасы екенин,
Қудай Таала – әмеңгери екенин
еследи.
36 Бирақ аўызлары менен Оған
жағымпазлық қылды,
Тиллери менен Оның алдында
өтирик сөйледи.
37 Оның алдында жүреклери
садық болмады,
Оның келисимине бийопалық
қылды.

38 Деген менен, Қудай реҳимли,
Гүналарды кеширеди,
гүнакарларды жоқ етпейди,
Көп мәрте Өз ғәзебин басады,
Қәҳәрин толық шашпайды.
39 Қудай олардың тәннен ибарат
екенин,
Есип өтип, қайтып келмейтуғын
самал екенин еследи.

40 Шөлде Оған қарсы нешше рет
бас көтерди,

---

a **77:23-25** Шығ 16:4-5.
b **77:26-31** Шығ 16:13; Сан 11:31-34.

Қула дүзде Оны қапа қылды.
41 Қайта-қайта сынады Қудайды,
Израилдың Мухаддесин
иренжитти.
42 Еслемеди Оның қүдиретли
қолын,
Өзлерин душпаннан қутқарған
күнин.
43 Мысырда көрсеткен белгилерин,
Соан даласында ислеген
кәраматларын.
44 Сонда Мысырдың өзеклерин
қанға айландырды,
Олар сууларынан ише алмай
қалды.
45 Оларға шақсын деп, ийтшыбын,
Ўайран қылсын деп,
қурбақалар жиберди.
46 Олардың егинлерин ҳәм қол
мийнетлерин,
Шегирткелерге тапсырды.
47 Буршақ пенен жүзимзарларын,
Жабайы әнжир ағашларын жоқ
етти.
48 Олардың ири малларын
буршақтың,
Сүриўлерин жылдырымның
астында қалдырды.
49 Олардың үстине лаўлаған
ғәзебин шашты,
Оларға қәҳәр, ашыў ҳәм азап,
Апат алып келетуғын
периштелерин жиберди.
50 Өз қәҳәрине жол қойды,
Оларды өлимнен сақламады,
Жанларын иллетке дуўшар
қылды.
51 Қырып таслады Мысырдағы
барлық туңғышларды,
Хамның шатырларындағы
белиндеги күшиниң,
Биринши жемиси болған
балаларын.

52 Өз халқын қой сыяқлы
жетеклеп шықты,
Шөлде сүриўдей етип баслап
жүрди.
53 Оларды аман-есен алып жүрди,
олар қорқпады,
Душпанлары болса, теңизге
ғарқ болды[a].
54 Оларды Өзиниң мухаддес
жерине,
Қүдиретли оң қолы менен
ерискен таўлы үлкеге алып
келди.
55 Алдыларынан басқа халықларды
қуўып шығарды,
Жерлерин оларға мүлик етип,
бөлип берди,
Израил урыўларын
олардың шатырларына
жайластырды.

56 Бирақ олар еле де Қудайды
сынады,
Қудай Таалаға қарсы бас
көтерди,
Оның тәртиплерине
бойсынбады.
57 Ата-бабалары сыяқлы
опасызлық қылып, қыянет
етти,
Жарамсыз садақ яңлы
исенимсиз болды.
58 Табынатуғын орынлары менен
Оны иренжитти,
Мүсин қудайлары менен Оның
қызғанышын оятты.
59 Қудай буларды еситип, ғәзеби
лаўлады,

---

a **77:53** Шығ 14.

Израилдан пүткиллей жүз
бурды.
60 Адамлар арасындағы мәкан
жерин,
Шилодағы Мухаддес мәканын
тәрк етти.
61 Өз құдиретин тутқынлыққа,
Өз салтанатын душпан қолына
тапсырды[a].
62 Халқын қылыш жүзине
тапсырды,
Өз меншик халқына
ғәзепленди.
63 Жас жигитлерин от жалмады,
Жас қызларына той қосықлары
айтылмады.
64 Руўханийлери қылыштан өлди,
Жесирлери жоқлаў да айта
алмады.
65 Бирақ Ийе уйқыдан оянғандай,
Шараптың тәсиринен
қышқырған батырдай
қозғалды.
66 Душпанларын шегиндирип,
жеңилиске ушыратты,
Оларды мәңги шерменделикке
дуўшар қылды.

67 Кейин Ол Юсуптиң урпағынан
бас тартты,
Эфрайым урыўын таңламады.
68 Бирақ Яҳуда урыўын,
Өзи сүйген Сион таўын таңлады.
69 Өз мухаддес Ибадатханасын
аспан сыяқлы қурды,
Оны жер жүзиндей етип мәңги
беккемледи.
70 Өз қулы Даўытты таңлады,
Қой қорасынан оны шақырып
алды.
71 Өз халқы Яқыпты, меншиги
Израилды бағыў ушын,
Саўлық қойлардың арасынан
алып келди[b].
72 Солай етип, ол халқына
әдалатлық пенен
шопанлық қылды,
Шебер қоллары менен оларды
жетекледи.

# 78

1 *Асафтың жыры*
Құдай, басқа миллетлер
Сениң елиңе бастырып
келди,
Мухаддес Ибадатханаңды
ҳарамлады,
Ерусалимди қарабақанаға
айландырды.
2 Жем қылды қулларыңның
өликлерин қусларға,
Садық адамларыңның
денелерин жабайы
ҳайўанларға.
3 Қанларын суўдай ағызды
Ерусалим бойлап,
Оларды жерлейтуғын ҳеш ким
болмады.
4 Бизлер қоңсы халықларға
масқара,
Дөгерегимиздегилерге күлки
ҳәм шерменде болдық.

5 Қашанға дейин, Жаратқан Ийе,
Мәңги даўам ете бере ме ғәзебиң,
От сыяқлы жанған қәҳәриң?
6 Ғәзебиңди шаш Сени
билмейтуғын халықларға,
Сениң атыңды шақырмайтуғын
патшалықларға.
7 Олар Яқып урпақларын жалмады,

---

a **77:60-61** 1Пат 4.
b **77:70-71** 1Пат 16:1-13.

Оның мәканын ўайран қылды.
8 Өтмиштеги гүналарды бизлерге
жүклеме,
Өз реҳиминди бизлерге тез
арада көрсет,
Бизлер жүдә ҳәлсиреп қалдық.
9 Қутқарыўшымыз Қудай,
даңқыңа бола, бизлерге
жәрдем бер,
Азат ет, Өз атың ушын
гүналарымызды кешир.
10 Не ушын басқа халықлар:
«Олардың Қудайы қаяқта?» –
деп айтыўы керек?
Қулларыңның қанының өшин
алғаныңды,
Өз көзимиз бенен көрейик,
буны басқа миллетлер де
билсин.

11 Тутқынлардың дады жетип
барсын алдыңа,
Өлимге ҳүким етилгенлерди,
Өз қүдиретли күшиң менен
қутқар.
12 Сени ақыретлеген қоңсы
халықларға,
Жети есе етип, өзлерине қайтар,
Ийе!
13 Ал бизлер Сениң халқың ҳәм
Өзиң бағып атырған
қойларыңбыз.
Сени мәңги тәрийиплеймиз,
Әўладтан-әўладқа Саған алғыс-
мақтаў айтамыз.

# 79

1 *Атқарыўшылардың жетекшисине. Асафтың жыры. «Лала гүллердиң келисими» намасына айтылады*
2 Израилдың шопаны, қулақ сал,
Юсупти қой сыяқлы алып
жүриўши!
Нурыңды шаш, керублар
арасында тахтта отырған.
3 Эфрайым, Бенямин ҳәм
Менашше алдында,
Өз күшиңди көрсет,
Келип, бизлерди қутқар.

4 Қудай! Бизлерди алдыңғы
ҳалымызға қайтар,
Бизлерге жүзиңниң нурын
шаш, қутқарылайық!

5 Жаратқан Ийе, Әлемниң
Қудайы!
Қашанға дейин, халқыңның
дуўаларына қәҳәрленесең?
6 Бизлерге нан орнына көз жас
бердиң,
Көз жасқа әбден тойдырдың.
7 Қоңсыларымызды бизлерге
қарсы ийтермеледиң,
Душпанларымыз күлер
үстимизден.

8 Әлемниң Қудайы! Бизлерди
алдыңғы ҳалымызға қайтар,
Бизлерге жүзиңниң нурын
шаш, қутқарылайық!

9 Мысырдан бир жүзим ағашын
алып келип,
Басқа халықларды қуўып, оны
отырғыздың.
10 Ол ушын жер таярлап, тазаладың,
Ол тамыр жайып, елди
толтырды.
11 Көлеңкеси таўларды қаплады,
Шақалары нәҳән кедр ағашын
қаплады.
12 Шақалары созылды Жер Орта
теңизине дейин,
путалары болса, Евфрат
дәрьясына дейин.

13 Не ушын қулаттың оның
дийўалларын?
Жолдан өткенлердиң ҳәммеси
жүзимин жулсын деп пе?
14 Тоғайдағы доңызлар оны
қопарып таслайды,
Жабайы ҳайўанлар жеп қояды.

15 Әлемниң Құдайы, бизлерге
жүзиңди бур,
Көклерден қарап, нәзер сал,
Ғамхорлық қыл усы жүзим
ағашына.
16 Оң қолың менен
отырғызғаныңды,
Өзиң ушын күшейткен нәлиңди
қорға!
17 Душпанларымыз оны отқа
жағып, қырқып атыр,
Ғәзебиң менен оларды өлтир.
18 Жәрдем қолың оң
тәрепиңдегилердиң
үстинде,
Өзиң ушын тәрбиялаған
халқыңның үстинде
болсын.
19 Бизлер Сеннен ҳеш қашан
безбеймиз,
Бизлерди қайта тирилт,
атыңды шақырамыз.
20 Жаратқан Ийе, Әлемниң
Құдайы!
Бизлерди алдынғы ҳалымызға
қайтар,
Бизлерге жүзиңниң нурын
шаш, қутқарылайық!

# 80

1 *Атқарыўшылардың жетекшисине. Гат тарлы әсбабында айтылатуғын Асафтың жыры*

2 Шадланып бақырың күш-
қуўатымыз болған Құдайға,
Қуўанышлы түрде қышқырың
Яқыптың Құдайына!
3 Қосық айтың, дәп қағың,
Жағымлы даўыслы лира ҳәм
арфа шертиң.
4 Кәрнай шертиң жаңа айда,
Толық айда, байрам күнимизде.
5 Бул Израил ушын бир
қағыйдадур,
Яқыптың Құдайының қарарыдур.
6 Құдай Мысырға қарсы жүрис
қылғанда,
Ол буны Юсуп урпағына нызам
қылып қойды.

Мен бир таныс болмаған
даўысты тыңлап турман:
7 «Желкеңизден жүкти алып
таслад ым,
Қолларыңызды аўыр себеттен
азат қылдым.
8 Басыңызға апат түскенде, Мени
шақырдыңыз,
Сонда сизлерди қутқарып алдым,
Гүлдирмама арасынан сизлерге
жуўап бердим,
Мериба суўлары жанында
сизлерди сынадым[a]. Селаҳ

9 Тыңла, халқым, сизлерге
ескертемен:
Израил, қәне енди, сен Маған
қулақ салғаныңда!
10 Араңызда басқа қудай болмасын,
Жат қудайға табынбаң.
11 Сени Мысырдан алып шыққан,
Құдайың Жаратқан Ийе – Мен
боламан.
Аўзыңды аш, оны толтыраман.

---

a **80:8** Шығ 17:1-7; Сан 20:1-13.

12 Бирақ халқым, сен даўысыма
құлақ салмадың,
Израил, сен Маған
бойсыныўдан бас тарттың.
13 Мен де жүреклериңиздиң
қайсарлығынша қалдырып,
Жол қойдым өз қәлеўлериңиз
бенен жүриўиңизге.
14 Қәне енди халқым, сен Маған
құлақ салғанында,
Израил, сен Мениң жолларым
менен жүргенинде!
15 Душпанларыңызды дәрхал
бойсындырар едим,
Жаўларыңызға қарсы қолымды
көтерер едим!
16 Мени жек көретуғынлар
Меннен айбынар еди,
Олардың бул аўҳалы мәңги
даўам етер еди.
17 Халқым, сизлерди ең
жақсы бийдай менен
азықландырар едим,
Жартастағы пал менен
тойдырар едим».

# 81

1 *Асафтың жыры*
Қудай иләҳийлер
жыйынын басқарып,
Қудайлардың арасында
ҳүкимин жәриялайды:
2 «Қашанға дейин, сизлер
жаўызлардың тәрепин
алып,
Наҳақ қазылық етесиз? Селаҳ
3 Кәмбағал ҳәм жетимлерге
әдалатлық көрсетиң,
Ғәрип ҳәм жарлылардың
ҳуқықын қорғаң.
4 Кәмбағал ҳәм ғәриплерди
қутқарың,
Жаўызлардың қолынан оларды
азат қылың.
5 Сизлер ҳеш нәрсени билмейсиз,
түсинбейсиз,
Қараңғылықта жүресиз.
Жер жүзиниң тийкары ләрзеге
келеди.
6 „Сизлер қудайларсыз,
Ҳәммеңиз – Қудай Тааланың
улларысыз“, – дедим.
7 Бирақ сизлер инсан сыяқлы
өлесиз,
Ҳәр қандай ҳүкимдар сыяқлы
қулайсыз!»

8 Тур, Қудай, қазылық ет жер
жүзине,
Барлық халықлар Саған
тийислидур.

# 82

1 *Қосық. Асафтың жыры*
2 Қудай, үнсиз қалма,
Сөйлемей, тып-тыныш болма,
Қудай!
3 Мине, душпанларың шаўқым
шығарып,
Сени жек көретуғынлар бас
көтермекте.
4 Халқыңа қарсы ҳийлели жоба
дүзип,
Қәдирлегенлериңе қарсы
ойласық өткермекте.
5 Олар: «Келиң, оларды халықлар
арасынан жоқ қылайық,
Израилдың аты қайтадан еске
алынбасын», – дейди.

6 Мыналардың ҳәммеси тил
бириктирип,
Саған қарсы аўқам дүзген:
7 Эдомлылар ҳәм Исмайыл
урпағы,
Моаблылар ҳәм Ажар урпағы,
8 Гебал, аммон ҳәм амалек
халықлары,

Филист халқы ҳәм Тир
турғынлары.
9 Ассирия да оларға қосылған,
Олар Лут урпағына қосымша
күш болған. Селаҳ

10 Мидянға не ислеген болсаң[a],
Кишон сайында Сисера ҳәм
Ябинге не қылған болсаң[b],
Оларға да соны исле.
11 Олар Эн-Дорда жоқ қылынып,
Жер ушын төгин болып қалды.
12 Олардың ақсүйеклерине Ореб
ҳәм Зеебке ислегениңди[c]
исле,
Барлық көсемлерине Зебах ҳәм
Салмуннаға қылғаныңды[d]
қыл.
13 Олар: «Келиң, Қудайдың
жайлаўларына,
Ийелик етейик», – деген еди.

14 Қудайым! Оларды қуйын
көтерген шаңдай,
Самал ушырған қаўықтай етип
тасла,
15 От тоғайды жалмағандай,
Жалын таўлардағы шөплерди
күйдиргендей,
16 Боранларың менен оларды
қуўып,
Өз даўылларың менен
қорқынышқа сал.
17 Шерменделиктен қызарсын
жүзлери,
Солай етип, олар Сениң
атыңды излесин, Жаратқан
Ийе.
18 Олар мәңги уятқа қалып,
қорқынышқа түссин,
Хорланып, жоқ болсын.
19 Билсин олар Сениң атың
Жаратқан Ийе екенин,
Жер жүзиниң жалғыз Қудай
Тааласы екениңди.

# 83

1 *Атқарыўшылардың же-
текшисине. Гат тарлы
әсбабында. Қорах әўладының
жыры*
2 Қандай әжайып Сениң
мәканың,
Әлемниң Жаратқан Ийеси!
3 Жаным Сениң ҳәўлилериңди
аңсап, шаршады,
Жүрегим ҳәм пүткил барлығым,
Тири Қудайға шадланып
бақырады.
4 Әлемниң Жаратқан Ийеси,
Патшам, Қудайым!
Құрбанлық орныңның қасында,
Қус та жасаў ушын өзине орын
табар,
Палапанлары ушын қарлығаш
уя қурар.
5 Қандай бахытлы Сениң Үйиңде
жасайтуғынлар,
Олар тынбастан Саған алғыс-
мақтаў айтар! Селаҳ

6 Қандай бахытлы Сеннен күш
тапқан адам,
Шын жүректен Сионға барыўға
умтылғанлар.
7 Жылаў ойпатлығынан өтип,
Олар суў өзеклерин ашар,

---

[a] **82:10** Бий 7:1-23.
[b] **82:10** Бий 4:1-24.
[c] **82:12** Бий 7:25.
[d] **82:12** Бий 8:21.

Биринши жаўын ол жерди
берекетке толтырар.
8 Жол жүрип, олардың күшине
күш қосылар,
Сионда Қудайдың алдында
болар.

9 Жаратқан Ийе, Әлемниң
Қудайы, дуўамды тыңла,
Қулақ сал, Яқыптың Қудайы!
Селаҳ
10 Қудай, бизлердиң
қалқанымызға қара,
Өзиң майлаған патшаңа нәзер
сал!

11 Сениң ҳәўлилериңдеги бир күн
мың күннен артық.
Наҳақлардың шатырында
жасаўдан гөре,
Қудайдың Үйиниң босағасында
турғаным абзал.
12 Қудай Ийе – қуяш ҳәм
қалқандур,
Ол мийрим ҳәм даңқ берер,
Минсиз жүргенлерден
жақсылықты аямас.
13 Әлемниң Жаратқан Ийеси,
Қандай бахытлы Саған үмит
байлаған адам!

# 84

1 *Атқарыўшылардың жетекшисине. Қорах әўладының жыры*
2 Жаратқан Ийе, Өз елиңе
мийрим көрсеттиң,
Яқып урпағын абаданшылыққа
және еристирдиң.
3 Халқыңның айыбын кеширдиң,
Олардың барлық гүналарынан
өттиң. Селаҳ
4 Пүткил қәҳәриңди услап қалдың,
Лаўлаған ғәзебиңнен қайттың.
5 Бизлерди қутқарған Қудай,
алдыңғы аўҳалымызға
қайтар,
Бизлерге деген ғәзебиңди
тоқтат.
6 Мәңги ғәзепленесең бе
бизлерге?
Ғәзебиңди әўладтан-әўладқа
даўамлайсаң ба?
7 Халқың Сенде қуўаныш
табыўы ушын,
Бизлерди қайтадан
жанландырмайсаң ба?
8 Жаратқан Ийе,
сүйиспеншилигиңди көрсет,
Бизлерге қутқарыўыңды инам ет.

9 Қудайдың, Жаратқан Ийениң
сөзине қулақ түремен,
Ол Өз халқына, Өзиниң садық
адамларына тынышлық
сөзин айтады,
Енди олар ақылсыз жолларына
қайтпасын.
10 Оның салтанаты елимизде
мәканлаўы ушын,
Сөзсиз, Оннан қорққанларға
Оның қутқарыўы жақын.

11 Сүйиспеншилик ҳәм садықлық
ушырасады,
Әдиллик пенен тынышлық
сүйиседи.
12 Садықлық жерден көгерип
шығады,
Әдалатлық аспаннан қарайды.
13 Жаратқан Ийе ийгиликти
жаўдырады,
Жеримиз өз өнимин береди.
14 Әдалатлық Оның алдында
жүреди,
Оның қәдемлери ушын жол
таярлайды.

# 85

[1] *Даўыттың дуўасы*
Жаратқан Ийе, қулақ
салып, жуўап бер маған,
Мен ғәрип ҳәм мүтәжбен.
2 Жанымды қорға, Саған
садықпан,
Қудайым, Саған үмит байлаған
қулыңды қутқар!
3 Маған мийрим-шәпәәтиңди
түсир, Ийе,
Саған күни бойы
жалбарынаман.
4 Қулыңның қәлбин қуўанышқа
толтыр,
Жүрегимди ашаман Саған, Ийе.
5 Сен ийгиликли ҳәм
кеширимлисең, Ийе,
Сени шақырғанлардың
ҳәммесине
сүйиспеншилигиң уллы.
6 Қулақ сал мениң дуўама,
Жаратқан Ийе,
Жалбарынған даўысыма
дыққат ет!
7 Қыйын күнлеримде Сени
шақыраман,
Сен мени еситесең.

8 Қудайлар арасында Саған
теңлесетуғыны жоқ, Ийе,
Сениң ислериңдей ислер жоқ.
9 Сен жаратқан барлық миллетлер,
Ийе, Сениң алдыңа келип,
тәжим қылады,
Сениң атыңды даңққа бөлейди.
10 Сен уллысаң, әжайып ислер
ислейсең,
Сен жалғыз Қудайсаң.
11 Жаратқан Ийе, жолыңды маған
үйрет,
Саған садық болып жүрейин,
Сениң атыңнан қорқатуғын
етип, жүрегимди беккемле.
12 Қудай Ийем, шын жүрегим
менен алғыслайман,
Сениң атыңды мәңги даңққа
бөлеймен.
13 Маған деген сүйиспеншилигиң
уллы,
Жанымды өлилер мәканының
түңғыйығынан аман
сақлайсаң.

14 Қудай, арсызлар маған қарсы
көтерилди,
Қарақшылар топары жанымды
алыў ушын мени излеп жүр,
Олар Сени писент етпейди.
15 Сен, Ийе, реҳимли ҳәм
мийримли Қудайсаң,
Сабыр-тақатлы, сүйиспеншилигиң
уллы ҳәм садықсаң.
16 Аўҳалыма қара, реҳим қыл маған,
Қулыңа күш-қуўат бер,
Шорыңның улын қутқар.
17 Қайырқомлығыңнан бир белги
көрсет маған,
Мени жек көретуғынлар көрип,
уялып қалсын.
Жаратқан Ийе, жәрдем көрсетип,
Маған жубаныш берген Өзиңсең.

# 86

[1] *Қорах әўладының жыры. Қосық*
2 Жаратқан Ийе мухаддес таўлар
үстине
Сионның тийкарын қурды,
Яқыптың барлық мәкан
жайларынан гөре,
Сионның дәрўазаларын сүйеди.
3 Қудайдың қаласы,
Сен ҳаққында әжайып сөзлер
айтылады. Селаҳ

4 Қудай былай дейди:
«Мени таныйтуғынлар ишинде,

Рақаб[a] ҳәм Бабилонияны
есапқа аламан.
Мине, Филистия, Тир ҳәм
Хабашстан да,
Сол жерде туўылған».

5 Сион ҳаққында былай деп
айтылады:
«Ҳәр бири сол жерде
туўылған!
Қудай Тааланың Өзи Сионды
беккемлейди».
6 Жаратқан Ийе халықларды
дизимге алғанда,
«Бул да Сионда туўылды», –
деп жазады. Селаҳ

7 Жыршылар ҳәм ойынға
түсиўшилер:
«Өмиримниң булағы
сендедур!» – дейди.

# 87

1 *Қосық. Қорах әўладының жыры. Атқарыўшылардың жетекшиси ушын. Муңлы айтылатуғын Эзрах нәсилинен болған Ҳеманның нәсият жыры*

2 Жаратқан Ийе, мени
қутқарыўшы Қудай,
Күни-түни алдыңа келип,
жалбарынаман.
3 Дуўам Сениң алдыңа жетип
барсын,
Қулақ сал жалбарыныўыма.

4 Жаным азапқа толы,
Өмирим өлилер мәканына
жақынласты.
5 Қәбирге киргенлер арасында
деп есапланаман,
Ҳал-дәрманы қалмаған адамға
уқсайман.
6 Мен өлилер арасына
тасланғанман,
Сен енди еске алмайтуғын,
Жәрдем қолыңнан маҳрум
болған,
Қазаланып қәбирде
жатырғанларға уқсайман.
7 Сен мени қәбирдиң түбине,
Қараңғылық ҳәм туңғыйыққа
тасладың.
8 Ғәзебиң үстимди зилдей басып,
Барлық толқынларың менен
ездиң мени. Селаҳ

9 Жолдасларымнан айырдың,
Мени оларға жеркенишли
қылдың,
Қамалып қалдым, шыға
алмайман.
10 Көзлерим қайғыдан ҳәлсиреген,
Ҳәр күни Сени шақырдым,
Жаратқан Ийе,
Қолларымды Саған жайдым.

11 Кәраматларыңды көрсетер ме
едиң өлилер ушын?
Руўхлары турып, Сени
тәрийиплер ме еди? Селаҳ
12 Сениң сүйиспеншилигиң қәбирде,
Садықлығың набыт болыў
мәканында айтыла ма?
13 Қараңғылықта Сениң әжайып
ислериң ҳаққында,
Умытылыў мәканында
әдалатлығың ҳаққында
айтыла ма?

14 Ал мен, Жаратқан Ийе, Сени
жәрдемге шақыраман,

---

a **86:4** *Рақаб* – теңиз айдарҳасы. Бул жерде Мысырдың астарлы атамасы.

Қылған дуўам таңда жетип
барар Саған.
15 Не ушын меннен жүз бурдың,
Жаратқан Ийе,
Неге жүзиңди меннен
жасырасаң?
16 Жаслығымнан қыйналаман,
өлимим жақын қалған,
Қорқынышың алдында
шарасыз қалдым.
17 Қәҳәрли ғәзебиң үстимнен
басып тасланы,
Қорқынышларың мени тамам
қылды.
18 Күни бойы булар суў сыяқлы
орап алды,
Дөгерегимди пүткиллей
қоршап алды.
19 Досларымнан ҳәм жақынымнан
айырдың,
Тек ғана қараңғылық жолдасым
болып қалды.

# 88

1 *Әзрах нәсилинен болған Этанның нәсият жыры*

2 Жаратқан Ийениң
сүйиспеншилигин мәңги
жырлайман,
Садықлығын әўладтан-әўладқа
жәриялайман.
3 Сүйиспеншилигиң мәңги
орналасқан,
Садықлығыңды көклерде
беккемледиң, деймен.
4 Сен былай дедиң: «Таңлағаным
менен келисим дүздим,
Қулым Даўытқа былай деп ант
иштим:
5 „Урпағыңды мәңги беккем
қыламан,
Тахтыңды әўладтан-әўладқа
даўам еттиремен“».[a] Селаҳ

6 Жаратқан Ийе, көклер алғыслар
әжайып ислериңди,
Мақталар садықлығың
периштелер жыйынында.
7 Көклерде Жаратқан Ийеге ким
теңлесе алады?
Иләҳий барлықлар ишинде
Жаратқан Ийеге
уқсайтуғыны бар ма?
8 Периштелер кеңесинде Қудай
оғада қорқынышлы,
Әтирапындағылардың
ҳәммесинен айбатлы.
9 Әлемниң Қудайы Жаратқан Ийе,
Сен сыяқлы күшли бар ма,
Жаратқан Ийе?
Садықлығың әтирапыңды орап
алған.

10 Қутырған теңизлер үстинен Сен
ҳүкимдарлық қыласаң,
Көтерилген толқынларды Сен
тынышландырасаң.
11 Сен Раҳабты[b] өликтей етип
езип тасладың,
Қүдиретли қолың менен
душпанларды тарқатып
жибердиң.
12 Көклер Сеники, жер жүзи де
Сеники,
Дүньяны ҳәм оны толтырып
турғанларды Сен орнаттың.
13 Арқа ҳәм қубланы Өзиң
жараттың,
Табор ҳәм Хермон таўлары
атың себепли шадланып
бақырады.

---

a **88:5** 2Пат 7:16.
b **88:11** *Раҳаб* – теңиз айдарҳасы.

14 Билегиң күшли, қолың
қүдиретли,
Оң қолың ҳәммесинен бәлентте.

15 Әдиллик ҳәм әдалатлық
тахтыңның тийкары,
Сүйиспеншилик ҳәм садықлық
алдыңда турады.
16 Қандай бахытлы бәлент
даўыста шадланған халық,
Жаратқан Ийе!
Олар Сениң жүзиңниң нурында
жүреди.
17 Күни бойы Сениң атың себепли
шадланады,
Әдиллигиң арқалы жоқары
көтериледи.
18 Сен даңққа бөлейтуғын
күшимизсең,
Ыразылығың арқалы күшимиз
артады.
19 Қалқанымыз Жаратқан
Ийеники,
Патшамыз Израилдың
Мухаддесине тийисли.

20 Бурын аян арқалы сөйлеп,
Өз садық адамларыңа былай
дедиң:
«Бир жаўынгерди қоллап
қуўатладым,
Халық ишинен бир жигитти
жоқары көтердим.
21 Қулым Даўытты таптым,
Мухаддес майым менен оны
майладым.
22 Қолым оны қоллап қуўатлайды,
Билегим оған күш береди.
23 Душпан оны алдай алмайды,
Жаўызлар оған зулымлық қыла
алмайды.
24 Жаўларын оның көз алдында
еземен,
Оны жек көргенлерди қыраман.
25 Садықлығым ҳәм
сүйиспеншилигим оның
менен бирге,
Мениң атым менен ол жеңиске
ериседи.
26 Оның қолын теңиздиң үстине,
Оң қолын дәрьялардың үстине
қояман.
27 Ол Мени шақырып, былай
дейди:
„Сен мениң әкемсең,
Қудайымсаң,
Қутқарыўшы жартасымсаң“.
28 Мен де оны туңғыш ул қылып
аламан,
Дүньядағы патшалардың ең
уллысы қыламан.
29 Оған болған
сүйиспеншилигимди мәңги
сақлайман,
Оның менен дүзген келисимим
беккем турады.
30 Әўладын мәңгиге,
Тахтын көклер турғанша даўам
еттиремен.

31 Егер оның нәсили
көрсетпелеримнен жүз
бурып,
Нызамларым бойынша
жүрмесе,
32 Қағыйдаларымды бузып,
Буйрықларымды орынламаса,
33 Жынаятлары ушын таяқ пенен
ураман,
Гүналары ушын оларды
жазалайман.
34 Бирақ Даўытқа болған
сүйиспеншиликтен ўаз
кешпеймен,
Садықлығыма немқурайды
қарамайман.

35 Келисимимди бузбайман,
Аўзымнан шыққан сөзимнен
ҳасла қайтпайман.
36 Бир мәрте мухаддеслигим ҳақы
ант иштим,
Даўытты алдамайман.
37 Оның әўлады мәңги даўам
етеди,
Оның тахты Мениң алдымда
қуяш яңлы турады.
38 Ай сыяқлы мәңги-бақый аман
турады,
Көклерде садық гүўа болады».
Селаҳ

39 Бирақ Сен оннан жеркенип, жүз
бурдың,
Майлаған патшаңа қатты
ғәзеплендиң.
40 Қулың менен дүзген келисимнен
бас тарттың,
Оның тажын топыраққа
былғадың.
41 Оның барлық дийўалларын
қулаттың,
Ўайран қылдың қорғанларын.
42 Жолдан өткенлердиң ҳәммеси
оны тонады,
Қоңсы халықларға масқара
болды.
43 Жаўларының оң қолын оннан
жоқары қылдың,
Барлық душпанларын
қуўанышқа бөледиң.
44 Өткир қылышын артқа
қайтардың,
Саўашта оны қоллап
қуўатламадың.
45 Оның салтанатына шек қойдың,
Тахтын жерге қулаттың.
46 Оның жаслық күнлерин
қысқарттың,
Оны шерменде қылдың. Селаҳ

47 Қашанға дейин бул даўам етеди,
Жаратқан Ийе?!
Өзиңди бизлерден мәңги
жасырасаң ба?
Қашанға дейин, ғәзебиң оттай
лаўлап жанады?
48 Есиңе түсир өмиримниң
қаншелли қысқа екенин,
Не ушын адамзатты бийҳуда
жараттың?!
49 Бул дүньяда өмир сүрип, өлим
көрмейтуғын,
Өлилер мәканының күшинен
жанын қутқаратуғын адам
бар ма? Селаҳ

50 Қаяқта сениң бурынғы
сүйиспеншилигиң, Ийе?
Даўытқа садықлық пенен ант
ишкен едиң!
51 Есле, Ийе, қулыңның шерменде
болғанын,
Барлық халықлардың хорлықлы
сөзлерин көтерип жүриппен.
52 Есле, душпанларыңның
масқаралаўын,
Майлаған патшаңның ҳәр бир
қәдемин масқара қылыўын.

53 Жаратқан Ийеге мәңги
алғыслар болсын!
Аўмийин! Аўмийин!

# 89

1 *Қудайдың адамы болған
Муўсаның дуўасы*
2 Ийе, әўладтан-әўладқа,
Бизлердиң пана жеримиз
болдың.
3 Таўлар пайда болмасынан
алдын,
Жер жүзи ҳәм дүньяны бар
қылмасыңнан алдын,
Әзелден мәңгиге Сен – Қудайсаң.

4 Адамзатты топыраққа
қайтарасаң,
«Адам уллары, топыраққа
қайтың», – дейсең.
5 Сениң нәзеринде мың жыл
өткен бир күн сыяқлы,
Өтетуғын түнги бир
нәўбетшилик яңлы.
6 Адамларды тасқын суў сыяқлы
ығызып кетесең,
Олар таңда умыт болатуғын түс
сыяқлы,
Азанда гүллеп, өсетуғын,
Ал кеште солып қалатуғын шөп
киби.

7 Жоқ болып кетемиз
ғәзебиңнен,
Қорқынышқа түсемиз Сениң
қәҳәриңнен.
8 Сен айыпларымызды Өзиңниң
алдыңа,
Жасырын гүналарымызды
жүзиңниң нуры алдына
қойдың.

9 Күнлеримиз ғәзебиң астында
өтер,
Жылларымыз бир дем яңлы
таўысылар.
10 Өмиримиз жетпис жыл екен,
Егер күшли болсақ, сексен жыл
болар.
Әжайып жылларымыз
да машқала ҳәм
қыйыншылықта өтти,
Өмиримиз тез өтер, ушып
кетермиз.

11 Ким биле алар Сениң
ғәзебиңниң күшин?
Адамлар қорққандай, ол
сондай күшли!
12 Дана жүрекке ийе болыўымыз
ушын,
Өмиримиздиң күнлерин
санаўды үйрет.

13 Бизлерге қайт, Жаратқан Ийе!
Қашанға дейин бул даўам етеди?
Қулларыңа реҳим қыл!
14 Таңда бизлерди
сүйиспеншилигиң менен
тойдыр,
Өмир бойы қуўанып,
шадланып бақырайық.
15 Бизлерди азапқа қалдырған
күнлериңниң,
Бахытсыз жасаған
жылларымыздың есесине,
Бизлерди шадлыққа бөле.
16 Сениң ислериң қулларыңа,
Салтанатың олардың
балаларына көринсин.
17 Қудай Ийемиз, Сениң бизлерге
мийримиң түссин,
Қол мийнетимизди табыслы қыл,
Аўа, қол мийнетимизди
табыслы қыл.

# 90

1 Қудай Тааланың
панасында жасаған адам,
Қудирети күшли Қудайдың
саясында түнейди.
2 Жаратқан Ийеге былай деймен:
«Сен мениң панамсаң,
бекинисимсең,
Мен үмит байлаған
Қудайымсаң».

3 Сөзсиз Ол сени аңшының
дузағынан,
Өлтиретуғын иллеттен
қутқарады.
4 Ол сени орайды Өз пәрлери
менен,

Оның қанатларының астынан
пана табасаң,
Оның садықлығы қалқаның
ҳәм қорған дийўалың
болады.
5 Сонда сен түнде қәўип-қәтерден,
Күндиз ушқан оқлардан,
6 Қараңғылықта келетуғын
иллеттен,
Түски ўақытта қырғын
келтиретуғын апаттан
қорқпайсаң.

7 Қапталыңда мың адам,
Оң тәрепиңде он мың адам
қырылса да,
Бул апатлар саған
жақынламайды.
8 Тек ғана сен өз көзиң менен,
Жаўыз адамлардың
жазаланыўын көресең.

9 Егер Жаратқан Ийени өз панаң,
Қудай Тааланы мәканлайтуғын
жериң қылсаң,
10 Бәлеге дуўшар болмайсаң,
Шатырыңа апат жақынламайды.
11 Ол периштелерине буйрық
береди,
Периштелер барлық
жолларыңды қорғайды.
12 Аяғыңды тасқа урып алмаўың
ушын,
Олар сени қолларында алып
жүреди.
13 Арыслан ҳәм жыланның
үстинен басып өтесең,
Күшли арыслан ҳәм жыланды
басқылап таслайсаң.

14 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Мени сүйгени ушын, оны
қутқараман,
Мениң атымды билгени ушын,
оны аман сақлайман.
15 Мени шақырғанда, оған жуўап
беремен,
Басына ис түскенде, оның
қасында боламан,
Оны қутқарып, иззет көрсетемен.
16 Оған узақ өмир бағышлайман,
Өз қутқарыўымды оған
көрсетемен».

# 91

1 *Жыр. Шаббат ушын арналған қосық*

2 Жаратқан Ийеге
миннетдаршылық билдириў,
Саз шертип, Қудай Тааланың
атын алғыслаў,
3 Таңда сүйиспеншилигиңди,
Түнде садықлығыңды жәриялаў
қандай жақсы!
4 Буларды он тарлы әсбап, арфа,
Және лира ҳаўазында айтыў
қандай жақсы!
5 Ислериң менен мени
қуўандырдың, Жаратқан Ийе,
Қолларыңның ислери себепли
шадланып бақыраман.

6 Қандай уллы ислеген ислериң,
Жаратқан Ийе,
Ой-пикирлериң жүдә терең!
7 Надан адам буны билмейди,
Ақмақ адам буны түсинбейди.
8 Наҳақлар майса шөптей өсип
шыққаны менен,
Жаўызлық ислеўшилер
жайнап-жаснағаны менен,
Олар мәңгиге жоқ қылынады.
9 Бирақ Сен мәңгиге уллысаң,
Жаратқан Ийе.

10 Мине, Жаратқан Ийе,
душпанларың сөзсиз,

Аўа, сөзсиз қырылып кетеди,
Жаўызлық ислеўшилердиң
ҳәммеси тарқалып кетеди.
11 Мени жабайы буғадай күшли
қылдың,
Таза зәйтүн майы менен
майладың.
12 Душпанларымның жеңилисин
көрди көзлерим,
Маған қарсы шыққан
жаўызларға не болғанын
еситти қулақларым.

13 Ҳақ адам пальма ағашындай
гүллеп жаснайды,
Лебанондағы кедр ағашындай
бийик болып өседи.
14 Олар Жаратқан Ийениң Үйине
отырғызылған болып,
Қудайымыздың ҳәўлисинде
гүллеп жаснайды.
15 Ҳәттеки, қартайса да, мийўесин
береди,
Жапырақлары қойыў, тап-таза
болып турады.
16 Олар былай деп жәрия қылады:
«Жаратқан Ийе әдалатлы!
Сүйенген жартасым!
Онда ҳеш қашан наҳақлық
болмас!»

92 1 Жаратқан Ийе патшалық
қылмақта!
Ол уллылықты кийим етип кийип,
Қудиретти белине байлаған,
Дүнья беккем орнатылған,
тербелмейди.
2 Сениң тахтың әзелден
орнатылған,
Сен әзелден барсаң.

3 Суў толқынлары гүркиреп
шуўылдайды, Жаратқан Ийе,
Толқынлар гүркиреп даўыс
шығарады,
Толқынлар гүркиреп шуўылдап,
урылады.
4 Жоқарыдағы Жаратқан
Ийе уллы суўлардың
гүркиреўинен,
Күшли теңиз толқынларынан
да қудиретли.

5 Сениң қағыйдаларың турақлы,
Үйиңе муқаддеслик мәңги
жарасады, Жаратқан Ийе.

93 1 Өш алыўшы Қудай,
Жаратқан Ийе,
Өш алыўшы Қудай, нурыңды
шаш!
2 Тур, жер жүзин ҳүким етиўши,
Менменлерге ылайықлы
жазасын бер!
3 Жаратқан Ийе, жаўызлар
қашанға дейин,
Қашанға дейин, үстем болып,
йошланады?

4 Аўызларынан менмен сөзлер
шығып,
Залымлардың ҳәммеси
мақтанып атыр.
5 Жаратқан Ийе, олар халқыңды
езип,
Өзиң таңлаған халқыңа азап
берип атыр.
6 Жесир ҳәм келгиндини өлтирип,
Жетимлерди жоқ қылып атыр.
7 Олар: «Жаратқан Ийе
көрмейди,
Яқыптың Қудайы итибар
бермейди», – дейди.

8 Ҳәй, халықтың ишиндеги
ойсызлар, дыққат етиң,

Ҳәй, ақмақлар, қашан сизлерге
ақыл киреди?
9 Қулақты жаратқан еситпей ме?
Көзди дөреткен көрмей ме?
10 Миллетлерге тәртип берген,
Адамзатқа билим берген
жазаламай ма?
11 Жаратқан Ийе адамзаттың
пикирлерин,
Ҳәм олардың бийҳуда екенин
биледи.

12 Жаратқан Ийе, қандай бахытлы
Сен тәртип берген,
Нызамыңды Өзиң үйреткен
адам!
13 Қыйын күнлерде оған
тынышлық бересең,
Жаўызлар ушын шуқыр
қазылғанша, ол аман
болады.
14 Аўа, Жаратқан Ийе халқын
таслап кетпейди,
Өз меншик халқын тәрк
етпейди.
15 Ҳүкимниң тийкары және әдалат
болады,
Әдил адамлар оның изине
ереди.

16 Ким мени қорғаў ушын
жаўызларға қарсы
шығады?
Ким мен ушын залымларға
қарсы турады?
17 Егер Жаратқан Ийе маған
жәрдем бермегенде,
Жаным үнсиз өлим мәканына
түсер еди.
18 «Аяғым тайып атыр», –
дегенимде,
Сениң сүйиспеншилигиң мени
қоллады, Жаратқан Ийе.
19 Ишим қайғы-уўайымға толып
кеткенде,
Сениң жубанышың кеўлимди
көтерди.

20 Қағыйданы бәнелеп, наҳақлық
қылған ҳүкимдар,
Сениң менен шерик бола ала ма?
21 Олар ҳақ адамға қарсы
бирлеседи,
Айыпсызға өлим жазасын
береди.
22 Бирақ Жаратқан Ийе мениң
қорғаным,
Қудайым паналайтуғын
жартасым.
23 Қудайымыз Жаратқан Ийе
олардың жаўыз ислерин,
Өз басына келтиреди.
Жаўызлықлары ушын оларды
жоқ қылады,
Аўа, оларды жоқ қылады.

# 94

1 Келиң, Жаратқан Ийеге
шадланып бақырайық,
Қутқарыўшы жартасқа
шадланайық.
2 Алғыс айтып, Оның алдына
келейик,
Оған бәлент даўыс пенен қосық
айтайық!
3 Жаратқан Ийе уллы Қудайдур,
Барлық қудайлардан үстем
турыўшы уллы патшадур.
4 Жердиң туңғыйықлары Оның
қолында,
Таў шыңлары да Оған тийисли.
5 Теңиз Оныки, оны Өзи жаратты,
Қурғақ жерди де Өз қолы менен
дөретти.

6 Келиң, тәжим қылып,
ийилейик,

Бизлерди жаратқан Жаратқан
Ийениң алдында дизе
бүгейик.
7 Ол бизлердиң Қудайымыз,
Бизлер Оның бағып атырған
халқымыз,
Қолының астындағы
қойларымыз.

Егер бүгин Оның даўысын
еситсеңиз,
8 Мерибада, сол күни шөлдеги
Массада болғаны сыяқлы[a],
Тас қылмаңлар
жүреклериңизди.
9 Ислеген ислеримди көрген
болса да,
Ата-бабаларыңыз сол жерде
Мени сынап, тексерди.
10 Қырық жыл даўамында ол
әўладтан жеркенип[b],
былай дедим:
«Олар жүреклери азғырылған
халық,
Мениң жолларымды
билмейди».
11 Сонлықтан ғәзепленип, былай
деп ант иштим:
«Олар Мениң тынышлық
беретуғын мәканыма ҳасла
кирмейди!»[c]

*(1Жлн 16:23-33)*

# 95

1 Жаратқан Ийеге таза қосық айтың!
Ҳәй, пүткил дүнья, Жаратқан
Ийеге арнап қосық айтың!
2 Жаратқан Ийеге арнап қосық
айтың,
Оның атын алғыслаң,
Ҳәр күни жәриялаң Оның
қутқарыўын!
3 Баян етиң даңқын миллетлерге,
Әжайып ислерин барлық
халықларға!

4 Аўа, Жаратқан Ийе уллы,
мақтаўға жүдә ылайықлы,
Барлық қудайлардан айбатлы.
5 Халықлардың барлық
қудайлары жалған,
Ал Жаратқан Ийе көклерди
жаратқан.
6 Салтанат ҳәм уллылық Оның
дәргайында,
Қүдирет ҳәм гөззаллық
мухаддес Ибадатханасында.

7 Ҳәй, пүткил халықлар,
Жаратқан Ийени мақтаң,
Жаратқан Ийениң салтанатын
ҳәм қүдиретин мақтаң,
8 Жаратқан Ийениң салтанатын
атына ылайықлы түрде
мақтаң,
Сыйлар әкелип, Оның
ҳәўлисине кириң!
9 Мухаддес сән-саўлатқа бөленген
Жаратқан Ийеге сыйының!
Титирең пүткил жер жүзи
Оның алдында!

10 Миллетлер арасында:
«Жаратқан Ийе патшалық
қылмақта,
Дүнья беккем орнатылған,
тербелмейди,
Ол халықларды әдалатлық

---

a **94:8** Шығ 17:1-7; Сан 20:1-13.
b **94:10** Сан 14:33-34.
c **94:11** Сан 14:20-23.

пенен ҳүким қылады», –
деп айтың.
11 Қуўансын көклер, йошлансын
жер жүзи!
Шуўласын теңиз ҳәм оны
толтырып турғанлар!
12 Йошлансын дала ҳәм оның
үстиндегилер!
Сонда тоғайдағы ағашлар
шадланып бақырысар,
13 Киятырған Жаратқан Ийениң
алдында.
Өйткени Ол жер жүзин ҳүким
етиў ушын киятыр,
Дүньяны әдалатлық пенен,
Халықларды Өз әдиллиги
менен ҳүким етеди.

# 96

1 Жаратқан Ийе патшалық
қылмақта,
Шадлансын жер жүзи,
Барлық атаўлар қуўансын!

2 Булт ҳәм қойыў қараңғылық
Оның дөгерегин қаплаған,
Әдиллик ҳәм ҳақыйқатлық
тахтының тийкары.
3 От жүрер Оның алдында,
Әтирапындағы душпанларын
жандырып жибереди.
4 Шақмақлары дүньяны
жақтыландырады,
Жер жүзи оны көрип,
титирейди.
5 Жаратқан Ийениң алдында,
Пүткил жер жүзиниң
Ийесиниң алдында,
Таўлар мумдай ерип кетеди.
6 Көклер Оның әдалатлығын
жәриялайды,
Пүткил халықлар уллылығын
көреди.
7 Бутқа табыныўшылар,
Жалған қудайлары менен
мақтанатуғынлар
шерменде болсын!
Жаратқан Ийеге сыйының, ҳәй,
барлық қудайлар!
8 Жаратқан Ийе, ҳүкимлериңди
еситип, Сион қуўанады,
Яҳуда қалалары шадланады.
9 Жер жүзиндеги ең уллысы
Сенсең, Жаратқан Ийе,
Барлық қудайлардан үстемсең,
уллысаң.

10 Жаратқан Ийени сүйетуғынлар,
Жаманлықты жек көриң.
Ол садық қулларының жанын
қорғайды,
Оларды жаўызлардың қолынан
қутқарады.
11 Ҳақ адамларға нур шашылып,
Пәк жүреклилер қуўанышқа
бөленеди.
12 Ҳәй, ҳақ адамлар, Жаратқан
Ийеде қуўаның,
Оның мухаддес атын
тәрийиплең!

# 97

1 *Жыр*
Жаратқан Ийеге таза
қосық айтың,
Ол әжайып ислер қылды,
Жеңис алып келди Оның оң
қолы ҳәм мухаддес билеги.
2 Жаратқан Ийе миллетлерге Өз
жеңисин аян етти,
Әдалатлығын оларға көрсетти.
3 Израил халқына болған
сүйиспеншилигин,
Оларға болған садықлығын
есинде сақлады,
Қудайымыздың жеңисин көрди
дүньяның төрт тәрепи.

4 Пүткил жер жүзи шадланып
бақырың, Жаратқан Ийеге,
Қуўанышлы түрде саз шертип,
қосық айтың.
5 Лира шертип, Жаратқан Ийеге
алғыс-мақтаў айтың,
Лира ҳәм саз ҳаўазлары астында!
6 Ҳәр түрли кәрнайлар шертип,
Бәлент даўыста шадланың
патшамыз Жаратқан
Ийениң алдында.

7 Шуўласын теңиз ҳәм оны
толтырып турғанлар,
Жер жүзи ҳәм онда
жасайтуғынлар.
8 Дәрьялар қол шаппатласын,
Таўлар биргеликте шадланып
бақырсын,
9 Жаратқан Ийениң алдында!
Ол жер жүзин ҳүким етиў ушын
киятыр.
Ол дүньяны әдалатлық пенен,
Халықларды теңлик пенен
ҳүким етеди.

## 98

1 Жаратқан Ийе патшалық
қылмақта,
Титиресин халықлар!
Керублар арасында тахтта отыр,
Шайқалсын жер жүзи!
2 Сионда Жаратқан Ийе уллы,
Ол барлық халықлардан да
жоқары.
3 Олар Сениң уллы ҳәм айбатлы
атыңды алғысласын!
Ол мухаддесдур.

4 Әдалатлықты сүйетуғын
қудиретли Патша,
Сен әдилликти орнаттың,
Яқып урпағында әдалатлық ҳәм
әдиллик орнаттың.
5 Қудайымыз Жаратқан Ийени
уллылаң,
Оның аяқ қойғышының алдына
жығылып, сыйының!
Ол мухаддесдур.

6 Оның руўханийлери арасында
Муўса менен Харон да бар
еди,
Самуел де Оның атын айтып
шақырғанлар арасында еди.
Олар Жаратқан Ийеге
жалбарынды,
Ол да оларға жуўап берди.
7 Минара сыяқлы булт ишинен
олар менен сөйлести,
Олар Оның буйрықларына,
Өзлерине берилген
қағыйдаларға әмел қылды.

8 Қудайымыз Жаратқан Ийе, Сен
оларға жуўап бердиң,
Ислеген жаўызлықлары ушын
жазаласаң да,
Кешириўши Қудай болдың.
9 Қудайымыз Жаратқан Ийени
уллылаң,
Сыйының Оған мухаддес
таўында!
Қудайымыз Жаратқан Ийе
мухаддесдур!

## 99

1 *Миннетдаршылық жыры*
Пүткил дүнья, бәлент
даўыста Жаратқан Ийеге
шадланың!
2 Қуўанышлы түрде Оған хызмет
қылың,
Бәлент даўыста шадланып,
Оның дәргайына барың!

3 Жаратқан Ийе – Қудай екенин
тән алыңлар,

Ол бизлерди жаратты, бизлер
де Оған тийислимиз,
Оның халқымыз, бағып
атырған қойларымыз.

4 Дәрўазаларына мақтаўлар
менен,
Ҳәўлилерине алғыс пенен
кириң!
Оны тәрийиплеп, атын
алғыслаң!

5 Жаратқан Ийе ийгиликли,
Сүйиспеншилиги даўам етер
мәңги,
Садықлығы әўладтан-әўладқа
даўам етеди.

# 100

1 *Даўыттың жыры*
Сүйиспеншилик ҳәм
әдилликти қосық қылып
айтаман,
Саз шертип, Сени алғыслайман,
Жаратқан Ийе.
2 Минсиз жолдан жүриўге
дыққатлы боламан,
Маған қашан келесең?

Пәк жүрек пенен өмир сүремен
үйимде.
3 Жеркенишли нәрседен
көзлерим жырақ болады,
Қыйсық жолларды жаман
көремен,
Ондай ислердиң маған
жабысыўына жол
қоймайман.
4 Азғын жүрек меннен аўлақ
болсын,
Жаўызлықты билиўди де
қәлемеймен.
5 Достының артынан мыш-мыш
айтқанның үнин өширемен,
Тәкаббир ҳәм менмен
адамларға тақатым жоқ.
6 Көзим елдеги садық
адамлардың үстинде
болады,
Олардың жанымда болыўын
қәлеймен,
Минсизлик жолынан
жүретуғын адам,
Маған хызмет етеди.

7 Ҳийлекерлик қылатуғын мениң
сарайымда жасамайды,
Өтирик сөйлейтуғын көз
алдымда тура алмайды.
8 Ҳәр таңда елдеги жаўызларды
жоқ қыламан,
Барлық залымларды Жаратқан
Ийениң қаласынан жоқ
қыламан.

# 101

1 *Езилген бийшараның Жаратқан Ийеге өз дәртин айтып, еткен дуўасы*
2 Жаратқан Ийе, дуўамды есит,
Пәриядым Саған жетип барсын.
3 Қыйын күнимде жүзиңди
меннен жасырма,
Қулақ сал мениң даўысыма,
Сени шақырғанымда, тез жуўап
бер маған.

4 Өмирим түтиндей жоқ болып,
Сүйеклерим оттай жанып атыр.
5 Жүрегим қуўраған шөптей
болып қалды,
Аўқат жеўди де умыттым.
6 Дад салып, аҳыў-нала
шеккенликтен,
Етим сүйеклериме жабысқан.
7 Мен қула дүздеги узақшаға
уқсайман,
Қарабақанаға айланған

жерлердеги байыўлы
сыяқлыман.
8 Көзиме уйқы келмейди,
Там басындағы жалғыз бир қус
яңлыман.
9 Күни бойы душпанларым мени
мазақ қылады,
Мени мазақлаўшылар атымды
нәлет айтыў ушын
қолланады.

10 Нан орнына күл жеп атырман,
Көз жасымды ишимлигиме
араластыраман.
11 Сениң ашыў ҳәм қәҳәриң
себепли усындай қылып
атырман.
Аўа, Сен мени көтерип,
ылақтырдың.
12 Кешки ўақыттағы көлеңкеге
уқсайды өмирим,
Шөп сыяқлы, сарғайып солып
атырман.

13 Бирақ Сен, тахтында мәңги
отырасаң, Жаратқан Ийе,
Сениң даңқың әўладтан-
әўладқа даўам етеди.
14 Орныңнан турып, Сионға
реҳим ет,
Оған мийрим-шәпәәт
көрсететуғын ўақыт келди,
Белгиленген ўақыт-саат жетип
келди.
15 Қулларың оның тасларын да
қәдирлейди,
Оның топырағы ушын
жанлары ашыйды.
16 Миллетлер Жаратқан Ийениң
атынан,
Жер жүзиндеги патшалар
Оның салтанатынан
қорқады.
17 Жаратқан Ийе Сионды қайта
тиклейди,
Өз салтанаты менен пайда
болады.
18 Гедейлердиң дуўасына қулақ
салады,
Пәриядынан бас тартпайды.

19 Еле туўылмаған халық
Жаратқан Ийеге алғыс-
мақтаў айтсын,
Мыналар кейинги әўлад ушын
жазылсын:
20-21 Тутқынлардың наласын
тыңлаў ушын,
Өлимге ҳүким етилгенлерди
қутқарыў ушын,
Жаратқан Ийе жоқарыдағы
мухаддес мәканынан
қарады,
Көклерден жер жүзине нәзер
таслады.
22 Солай етип, Жаратқан Ийениң
аты Сионда,
Алғыс-мақтаў Ерусалимде
жәрияланады.
23 Халықлар ҳәм патшалықлар,
Жаратқан Ийеге сыйыныў
ушын жыйналады.

24 Өмир жолымда Ол мени күштен
қалдырды,
Өмир жасымды қысқартты.
25 Мен былай дедим:
«Қудайым, өмиримниң
жартысында жанымды алма!
Сениң жылларың даўам етер
әўладтан-әўладқа!
26 Әзелден жер жүзин орнаттың,
Көклер Сениң қолларыңның
дөретпеси.
27 Олар жоқ болады, ал Сен даўам
етесең,

Олардың ҳәммеси кийимдей
тозып қалады,
Шапандай етип оларды
алмастырасаң,
Олар жоқ болып кетеди.
28 Бирақ Сен өзгермейсең,
Ҳеш тауысылмайды Сениң
жылларың.
29 Қулларыңның балалары усы
жерди мәканлайды,
Әўладлары Сениң алдында
қәўипсиз жасайды».

# 102

1 *Дәўиттиң жыры*
Жаратқан Ийеге
алғыслар айт, ҳәй жаным!
Оның мухаддес атына алғыслар
айт, ҳәй пүткил барлығым!
2 Жаратқан Ийеге алғыслар айт,
ҳәй жаным!
Умытпа Оның барлық
жақсылықларын!
3 Барлық айыпларымды
кеширетуғын,
Ҳәмме кеселиме шыпа
беретуғын,
4 Жанымды өлим шуқырынан
азат ететуғын,
Сүйиспеншилик ҳәм реҳим
тажын кийдиретуғын,
5 Өмиримди ийгилик пенен
толтыратуғын Ол,
Мени бүркиттей етип,
жаслығымды тиклейди.

6 Жаратқан Ийе барлық
езилгенлерге,
Ҳақлық ҳәм әдалатлық қылады.
7 Өз жолларын Муўсаға,
Ислерин израиллыларға
көрсетти.
8 Жаратқан Ийе реҳимли ҳәм
мийримли,
Сабыр-тақатлы ҳәм
сүйиспеншилиги уллы.
9 Ол бәрқулла айыплай бермейди,
Мәңгиге кек те сақламайды.
10 Бизлерге гүналарымызға қарап
қатнас қылмайды,
Жаманлықларымызды
өзимизге қайтармайды.
11 Көклер жер жүзинен қаншелли
жоқары болса,
Оның Өзинен қорқатуғынларға
болған сүйиспеншилиги де
соншелли уллы.
12 Шығыс батыстан қаншелли
узақ болса,
Ол жынаятларымызды
бизлерден соншелли
узақластырды.
13 Әке балаларына қандай реҳим
қылса,
Жаратқан Ийе де Өзинен
қорқатуғынларға сондай
реҳим қылады.
14 Ол бизлердиң қандай
жаралғанымызды биледи,
Топырақтан екенимизди
умытпайды.

15 Адамзаттың өмири шөпке
уқсайды,
Даладағы гүлдей болып
гүллейди.
16 Самал ескенде, жоқ болып
кетеди,
Болған жери оны қайтып
танымайды.
17-18 Бирақ Жаратқан Ийе Өзинен
қорқатуғынларды мәңги
сүйеди,
Оның келисимине әмел
қылғанлардың,
Ҳәм пәрманларына мuқыятлы
түрде бойсынғанлардың,

Балаларының балаларына
садықлығы даўам етеди.

19 Жаратқан Ийе Өз тахтын
көклерге орнатты,
Оның патшалығы ҳәмме жерди
өз ишине алады.
20 Оның сөзине қулақ салып,
Айтқанларын орынлайтуғын,
Қүдирети күшли периштелер,
Жаратқан Ийеге алғыслар
айтың!
21 Жаратқан Ийениң көктеги
ләшкерлери,
Оның еркин орынлайтуғын
хызметкерлери,
Оған алғыс-мақтаўлар айтың!
22 Жаратқан Ийеге алғыслар айтың,
Ҳәй, Оның патшалығындағы
барлық жаратылыс!
Жаратқан Ийеге алғыслар айт,
ҳәй жаным!

# 103

1 Жаратқан Ийеге алғыслар айт, ҳәй жаным!
Қудайым Жаратқан Ийе, Сен
оғада уллысаң!
Салтанат ҳәм уллылыққа
бөленгенсең,
2 Шапандай етип нурға
оранғансаң,
Көклерди шатырдай етип
жайғансаң,
3 Сарайыңды жоқарыдағы
суўлардың үстине
қурғансаң,
Бултларды Өзиңе саўаш арбасы
қылғансаң,
Самалдың қанатларына минип
кетесең.
4 Самалларды Өзиңе хабаршы,
От жалынларын хызметкер
қыласаң.
5 Сен жерди тийкар үстине
орнаттың,
Ол мәңги-бақый орнынан
қозғалмас.
6 Оған туңғыйықты кийим
сыяқлы кийгиздиң,
Ҳәттеки, таўлардың
жоқарысын да суў
қаплаған.
7 Сениң кейислериңнен суўлар
қашты,
Гүркиреген даўысыңнан олар
шегинди.
8 Таўлардан асып, ойпатлықларға
түсти,
Өзиң белгилеген жерлерге
ақты.
9 Суўлар тасып кетпесин, жер
жүзин және қапламасын деп,
Олар ушын шегара қойдың.

10 Булақларды сайларға қарай,
Таўлар арасы менен ағызасаң.
11 Олар барлық жабайы
ҳайўанларды суўғарады,
Қуланлардың шөлин қандырады.
12 Қуслар суў бойларында жасайды,
Путалар арасынан олар
сайрайды.
13 Көктеги үйиңнен таўларды
суўғарасаң,
Жер жүзи ислериңниң
миййўесинен тояды.

14 Малларды шөплер менен
тәмийинлейсең,
Адамлар мийнет пенен азығын
алсын деп,
Жерге егинлер өсиресең.
15 Кеўиллерин көтеретуғын
шарапты,
Жүзлерине нур беретуғын
зәйтүн майын,

Күш-қуўат беретуғын нанды
Сен бересең.

16 Жаратқан Ийениң тереклери,
Өзи тиккен Лебанондағы кедр
ағашлары суўға қанады.
17 Қуслар тереклерде уя қурады,
Ләйлектиң уясы бар сәрўи
ағашларында.
18 Таў ешкилери бийик таўларда
жасайды,
Жартасларда даманлардың[a]
инлери бар.

19 Ўақытты белгилесин деп, айды,
Бататуғын ўақтын билетуғын
қуяшты жараттың.
20 Қараңғылық шөктиргенинде,
түн болады,
Сонда тоғай ҳайўанлары гезип
жүреди.
21 Арысланлар ақырып, олжа
излейди,
Қудайдан азығын сорайды.
22 Қуяш шыққанда, олар изине
қайтады,
Өзлериниң инлерине барып
жатады.
23 Адам өз жумысларына шығады,
Кешке дейин жумысы менен
бәнт болады.

24 Қаншелли ислер қылдың,
Жаратқан Ийе!
Ҳәммесин даналық пенен
жараттың,
Жер жүзи жаратқанларың
менен толы.
25 Мине, ушы-қыйыры жоқ
теңизлер,
Ишинде қайнаған сансыз
жанзатлар,
Үлкен-киши жаныўарлар.
26 Ол жерде кемелер жүзеди,
Ишинде ойнасын деп,
жараттың Лиўятанды[b].

27 Ўақтында ырысқымызды
берсин, деп,
Олардың ҳәммеси Саған көз
тигеди.
28 Ырысқысын бергенинде, олар
жыйнап алады,
Қолларыңды ашқанында, олар
жеп тояды.
29 Жүзиңди жасырғанында, олар
сасқалақлап қалады,
Жанларын алсаң, олар өлип,
топыраққа қайтады.
30 Жан берсең, олар жаратылады,
Жаңадан өмир бересең жер
жүзине.

31 Жаратқан Ийениң салтанаты
мәңги даўам етсин!
Жаратқан Ийе шадлансын Өз
жаратқанларына!
32 Ол жер бетине көз тасласа, жер
титирейди,
Таўларға қол тийгизсе, таўлар
түтейди.

33 Өмирим бойы Жаратқан Ийени
жырлайман,
Бар екенмен, саз шертип,
Қудайыма алғыслар
айтаман.
34 Ой-пикирлерим Оған мақул
болсын,
Жаратқан Ийеде қуўанаман!

---

a **103:18** *Даман* – сурокқа уқсайтуғын ҳайўан.
b **103:26** *Лиўятан* – теңизде жасайтуғын үлкен мақлуқ.

35 Жер жүзинен гүнакарлар жоқ
болсын,
Буннан былай жаўызлар
болмасын!
Жаратқан Ийеге алғыслар айт,
ҳәй жаным!

Ҳалилуйя![a]

*(1Жлн 16:8-22)*

# 104

1 Жаратқан Ийени
алғыслап, атын айтып
шақырың,
Оның ислерин халықларға
билдириң!
2 Оны жырлап, саз шертип алғыс
айтың,
Барлық әжайып ислерин баян
етиң!
3 Оның мухаддес аты менен
мақтаның,
Жаратқан Ийени
излейтуғынлардың
жүреклери шадлыққа
толсын!
4 Жаратқан Ийени ҳәм Оның
қүдиретин излең,
Бәрқулла Оның дәргайында
болыўға умтылың!
5 Есте сақлаң Оның ислеген
әжайып ислерин,
Кәраматларын ҳәм аўзынан
шыққан ҳүкимлерин,
6 Ҳәй, Оның қулы Ибрайымның
урпақлары,
Ол таңлап алған Яқыптың
балалары!

7 Ол – Жаратқан Ийе, бизлердиң
Қудайымыз!
Ҳүкимлери пүткил жер жүзин
қаплаған.
8 Мәңги есте сақлайды Өз
келисимин,
Мың-мыңлаған әўладларға
берген сөзин,
9 Ибрайым менен дүзген
келисимин,
Ысаққа берген антын.
10 Буны Яқып ушын бир қағыйда
етип тастыйықлады,
Израил ушын мәңгилик
келисим қылып:
11 «Әўладларыңның пайына
тийген мүлик етип,
Қанан жерин саған беремен», –
деди.[b]

12 Сол ўақытта олар саны жағынан
аз еди,
Сол жерде аз санлы ҳәм
келгинди еди.
13 Олар бир халықтан екиншисине,
Бир патшалықтан екиншисине
гезип жүрген еди.
14 Жаратқан Ийе ҳеш кимниң
оларды езиўине жол
қоймады,
Олар ушын патшаларға
ескертиў берип:
15 «Мениң майлағанларыма
тиймең,
Пайғамбарларыма жаманлық
қылмаң!», – деди.

16 Елге ашлық жиберди,
Бир тислем нанға зар қылды.
17 Олардың алдынан бир адамды
жиберди,
Аўа, Юсуп қул болып сатылды.

---

a **103:35** *Ҳалилуйя* – «Жаратқан Ийени алғыслаң» деген мәнисте.
b **104:11** Жар 12:7; 17:8; 26:3; 28:13.

18 Оның аяқлары шынжырланды,
Мойнына буғаў салынды.
19 Оның айтқанлары
орынланғанша,
Жаратқан Ийениң сөзи оны
сынады.
20 Патша адам жиберип, Юсупти
босатты,
Халықлардың ҳүкимдары оны
азат қылды.
21 Оны өз сарайының
басқарыўшысы,
Пүткил ийелигиниң ҳүкимдары
етип тайынлады.[a]
22 Қәлесе, хызметкеримди
шынжырласын,
Ақсақалларыма даналық
үйретсин, деди.

23 Кейин Израил Мысырға келди,
Яқып Мысырға, яғный Хам
үлкесине орналасты.
24 Жаратқан Ийе оның халқын
берекетледи,
Душпанларына қарағанда,
олардың санын көбейтти.
25 Кейин Ийемиз Мысыр
халқының жүрегинде,
Өз халқына деген жек
көриўшилик оятты.
Мысыр халқы Оның қулларына
қарсы,
Ҳийлекерлик қыла баслады.[b]

26 Ол Өз қулы Муўсаны,
Өзи таңлап алған Харонды
жиберди.
27 Олар көрсетти Жаратқан
Ийениң кәраматлы
белгилерин,
Хам үлкесинде әжайып
ислерин.
28 Жаратқан Ийе қараңғылық
жиберип, елди тас түнек
қылды,
Муўса менен Харон Оның
сөзлерине қарсы шықпады.
29 Олардың суўларын қанға
айландырды,
Ондағы балықларды набыт
қылды.
30 Мысыр жери қурбақаларға
толып кетти,
Ҳәттеки, патшасының
бөлмесине кирди.
31 Жаратқан Ийе буйырғанда,
ийтшыбынлар ушып келди,
Ширкейлер пүткил елди
қаплады.
32 Жаўынның орнына буршақ
жаўдырды,
Шақмақ шақтырды олардың
елинде.
33 Жүзимзарларын ҳәм әнжир
ағашларын қуртты,
Елдеги барлық тереклерди
сындырды.
34 Ол буйырғанда, шегирткелер
келди,
Сансыз шекшеклер пайда
болды.
35 Олар елдеги барлық
өсимликлерди,
Атызлардағы егинлерди жеп
таўысты.
36 Жаратқан Ийе елдеги
туңғышлардың ҳәммесин,
Ҳәр бириниң белиндеги
күшиниң биринши жемиси
болған балаларын өлтирди.

---

a **104:17-21** Жар 37:1-36; 39:1–41:57; 45:4-7.
b **104:23-25** Шығ 1:1-14.

37 Израиллыларды елден
гүмис ҳәм алтын менен
шығарды[a],
Урыўларының ишинде
сүрниккени болмады.
38 Олар шығып кеткенде, Мысыр
қуўанды,
Мысыр халқы Израилдан
қорқып қалған еди.
39 Жаратқан Ийе Израилды булт
пенен жаўды,
Түнде жақты болсын, деп от
берди[b].
40 Халық сорағанда, оларға
бөденелер жиберди,
Аспаннан нан жаўдырып,
оларды тойдырды[c].
41 Тасты жарды, суў атлығып шықты,
Қуўраған жерлерден дәрья
болып ақты[d].
42 Ол Өз мухаддес ўәдесин,
Қулы Ибрайымға берген сөзин
ядына алды[e].

43 Халқын қуўаныш ишинде,
Таңлағанларын шадлық пенен
елден алып шықты.
44 Басқа миллетлердиң жерлерин
оларға берди,
Сол халықлардың мийнетин
мүлик қылып алды.
45 Солай етип, Оның
қағыйдаларын орынлап,
Нызамларына бойсыныўы
ушын иследи.

Ҳалилуйя!

# 105

1 Ҳалилуйя!
Жаратқан Ийени тәрийиплең,
Ол ийгиликли,
Садықлығы мәңги даўам етеди.
2 Жаратқан Ийениң уллы ислерин
ким айтып бере алады?
Ким Оған ылайықлы түрде
алғыс айта алады?
3 Қандай бахытлы әдалатлық
пенен ис тутқанлар,
Ҳәмме ўақытта туўры ислерди
қылғанлар!

4 Жаратқан Ийе, халқыңа реҳим
еткениңде, есле мени,
Қутқарғанында, мени де
итибарға ал.
5 Таңлағанларыңның бахытын
көрейин,
Халқыңның қуўанышын көрип,
қуўанайын,
Халқыңның мақтанышын
бирге бөлисейин.

6 Ата-бабаларымыз сыяқлы,
бизлер де гүна иследик,
Айып ислер ҳәм жаўызлық
қылдық.
7 Ата-бабаларымыз Мысырда
болған ўақытта,
Ислеген әжайып ислериңе
итибар бермеди,
Сениң мол сүйиспеншилигиңди
еслемеди,
Теңиз бойында, Қызыл теңизде
қозғалаң көтерди.

---

a **104:37** Шығ 12:35-36.
b **104:39** Шығ 13:21-22.
c **104:40** Шығ 16.
d **104:41** Шығ 17:1-7; Сан 20:2-11.
e **104:42** Жар 12:1-3; 15; 17.

8 Бирақ Жаратқан Ийе қудиретин
көрсетиў ушын,
Өз аты ушын оларды қутқарды.
9 Қызыл теңизге бақырды, теңиз
қурып қалды,
Қурғақ жерден жүргизгендей,
Оларды теңиз түби арқалы
өткерди.
10 Оларды жек көретуғынлардың
қолынан қутқарды,
Душпанларының қолынан азат
қылды.
11 Жаўларын суў басты,
Олардың ҳеш бири аман
қалмады.
12 Сонда ата-бабаларымыз Оның
сөзине исенди,
Оны алғыслап, қосық айтты.[a]

13 Деген менен, олар Жаратқан
Ийениң ислерин дәрҳал
умытты,
Оның көрсететуғын жол-
жорығын күтип отырмады.
14 Шөлде олар нәпсихорлыққа
берилди,
Изсиз далада Қудайды сынады.
15 Қудай олардың сорағанын берди,
Бирақ оларға аўыр кеселлик
жиберди[b].

16 Ордада олар Муўсаны,
Жаратқан Ийениң мухаддеси
болған Харонды күнледи,
17 Жер жарылып, Датанды жутып
жиберди,
Абирам менен оның
шериклерин жалмады.
18 Олардың изинен жүргенлерге от
түсти,
Жалын жандырып жиберди
жаўызларды.[c]

19 Хореб таўында тананың
мүсинин ислеп алды,
Сол қуйып ислеген бутына
табынды.
20 Шөп жейтуғын тананың
мүсинине,
Қудайдың уллылығын
алмастырды.
21 Олар умытты өзлерин
қутқарған Қудайды,
Мысырда уллы ислерди
ислегенди,
22 Хам үлкесинде әжайып ислерди
көрсеткенди,
Қызыл теңизде таң қаларлық
ислерди қылғанды.
23 Соның ушын, Қудай оларды жоқ
қылатуғынын айтты,
Бирақ таңлаған адамы Муўса
араға түсип,
Оны қуртаман деген ғәзебинен
қайтарды.[d]

24 Кейин әжайып елден жүз бурды,
Қудайдың берген ўәдесине
исенбеди.
25 Өз шатырларында тоңқылдады,
Жаратқан Ийениң айтқанларына
қулақ салмады.
26 Соның ушын, Жаратқан Ийе ант
ишип:
«Сизлерди шөлде қуртып
таслайман,

---

a **105:7-12** Шығ 14:10-31.
b **105:13-15** Сан 11.
c **105:16-18** Сан 16.
d **105:19-23** Шығ 32.

27 Урпақларыңызды миллетлер
арасына тарқатаман,
Өзге еллерге шашып
жиберемен», – деди.[a]

28 Олар Пеордағы Баалға
байланып қалды,
Өлилерге берилген қурбанлық
гөшинен жеди.
29 Олар өз қылмыслары менен
Жаратқан Ийени
ғәзеплендирди,
Сонлықтан оба кеселлиги
олардың арасына
жайылды.
30 Пинехас турып, араға түсти,
Сонда апат та тоқтады.
31 Оның бул иси әдиллик саналып,
Әўладтан-әўладқа мәңги даўам
етеди.[b]

32 Мериба суўлары жанында олар
Жаратқан Ийени және
ғәзеплендирди,
Олар себепли Муўсаның
басына қайғы түсти.
33 Олар Муўсаның ашыўына тийди,
Ол да ойланбастан сөйледи.[c]

34 Жаратқан Ийе жоқ етиўди
буйырса да,
Олар жоқ етпеди халықларды.
35 Басқа халықлар менен араласты,
Олардың үрп-әдетлерин
үйренди.
36 Олардың бутларына табынды,
Бутлар олар ушын дузақ болды.
37 Ул ҳәм қызларын,
Жинлерге қурбанлық қылды.
38 Қанан бутларына қурбанлық
болсын деп,
Ул ҳәм қызларының қанын,
Айыпсызлардың қанын төкти.
Ел төгилген қан себепли
ҳарамланды.
39 Олар ислери менен ҳарам болды,
Қылмыслары менен опасызлық
қылды.[d]

40 Жаратқан Ийениң ғәзеби
лаўлады халқына қарсы,
Жеркенди Өзиниң меншик
халқынан.
41 Оларды басқа халықларға
тәслим қылды,
Жек көретуғынлары оларға
ҳүкимдар болды.
42 Душпанлары оларды езди,
Олардың қол астында баслары
ийилди.
43 Жаратқан Ийе оларды көп
мәрте қутқарды,
Бирақ олардың ақыл-еси
қозғалаң көтериў болды,
Гүналары себепли пәске
урылды.[e]
44 Сонда да, Жаратқан
Ийе халықтың
қыйыншылығына итибар
берди,
Дад-пәриядына қулақ салды.
45 Олар ҳақы Өз келисимин еследи,
Уллы сүйиспеншилиги себепли
оларға реҳим қылды.

---

a **105:24-27** Сан 13–14.
b **105:28-31** Сан 25.
c **105:32-33** Шығ 17:1-7; Сан 20:2-13.
d **105:34-39** Нзм 7:1-6; 18:9-13; Бий 1:19–2:5.
e **105:40-43** Бий 2:10-19.

46 Оларды тутқынға алғанларды,
Реҳимли болыўға ийтермеледи.

47 Қутқар бизлерди, Қудайымыз
Жаратқан Ийе,
Басқа халықлар арасынан
бизлерди жыйна.
Мухаддес атыңды
тәрийиплейик,
Саған алғыс айта алғанымыз
ушын мақтанайық.

48 Израилдың Қудайы Жаратқан
Ийеге,
Әўел бастан, мәңгиге дейин
алғыслар болсын!
Пүткил халық: «Аўмийин!» –
десин.

Ҳалилуйя!

# 106

1 Жаратқан Ийени
тәрийиплең, Ол ийги-
ликли,
Садықлығы мәңги даўам етеди.
2 Солай десин Жаратқан Ийениң
қутқарғанлары,
Душпан қолынан азат етип
алғанлары,
3 Шығыс, батыс, арқа ҳәм
қубладан,
Шет еллерден жыйнап
алғанлары.

4 Базылары изсиз далаларда
гезип жүрди,
Мәканлаў ушын қалаға жол
таппады.
5 Аш болып, шөллеп қалды,
Жанлары ҳәлсиреп, өле жазлады.
6 Сонда олар азап ишинде
Жаратқан Ийеге
жалбарынды,
Жаратқан Ийе оларды азаптан
азат етти.
7 Мәканлай алатуғын қалаға
оларды,
Туўры жол менен жетелеп,
баслап барды.
8 Алғыслар айтсын Жаратқан
Ийеге сүйиспеншилиги
ушын,
Адамларға ислеген әжайып
ислери ушын.
9 Ол шөллегенниң шөлин
қандырды,
Аш болғанды жақсы азықлар
менен тойдырды.

10 Базылары тас түнек
қараңғылықта,
Шынжырланып, азап ишинде
отырды.
11 Олар Қудайдың сөзлерине
қарсы шығып,
Қудай Тааланың үгит-
нәсиятларын менсинбеген
еди.
12 Ол аўыр жумыслар менен
олардың көкирегин басты,
Жығылғанда, жәрдем
беретуғын ҳеш ким
болмады.
13 Сонда олар азап ишинде
Жаратқан Ийеге
жалбарынды,
Жаратқан Ийе оларды азаптан
қутқарды.
14 Алып шықты тас түнек
қараңғылықтан,
Үзип таслады шынжырларын.
15 Алғыслар айтсын Жаратқан
Ийеге сүйиспеншилиги
ушын,
Адамларға ислеген әжайып
ислери ушын!

16 Ол қола дәрўазаларды сындырды,
Темир тәмбилерди екиге бөлип
таслады.

17 Базылары жынаят қылып,
ақмақтай болды,
Гүналары себепли азап шекти.
18 Барлық азық-аўқаттан
жүреклери айнып,
Өлим аўзына жақынлап қалды.
19 Сонда олар азап ишинде
Жаратқан Ийеге
жалбарынды,
Жаратқан Ийе оларды азаптан
қутқарды.
20 Сөзин жиберип, шыпалады,
Қәбирден оларды қутқарды.
21 Алғыслар айтсын Жаратқан
Ийеге сүйиспеншилиги
ушын,
Адамларға ислеген әжайып
ислери ушын!
22 Миннетдаршылық
қурбанлықларын усынсын,
Оның ислерин бәлент даўыс
пенен жәрияласын!

23 Базылары кемелер менен
теңизге шығып,
Шексиз суўларда саўда қылды,
24 Жаратқан Ийениң ислерин,
Терең суўларда ислеген әжайып
ислерин көрди.
25 Ол буйрық бергенде, даўыл
басланды,
Теңиз толқынлары бийик
көтерилди.
26 Кемелер жоқары көтерилип,
және туңғыйыққа түсти,
Апаттан кемедегилердиң
руўхлары түсип кетти.
27 Олар мәскүнемдей шайқалып
жүрди,
Олардың шеберликлери
нәтийже бермеди.
28 Сонда олар азап ишинде
Жаратқан Ийеге
жалбарынды,
Жаратқан Ийе оларды апаттан
алып шықты.
29 Ол даўылды тынышландырды,
Теңиз толқынлары да басылды.
30 Даўыл тоқтағанда, олар
қуўанды,
Өзлери гөзлеген мәнзилге
Жаратқан Ийе жеткерди.
31 Алғыслар айтсын Жаратқан
Ийеге сүйиспеншилиги
ушын,
Адамларға ислеген әжайып
ислери ушын!
32 Оны уллыласын жәмийет
ишинде,
Алғыслар айтсын ақсақаллар
жыйынында.

33 Ол дәрьяларды шөлге,
Булақларды кеўип қалған
жерге айландырады.
34 Турғынларының жаўызлығы
себепли,
Өнимли топырақты шор жерге
айландырады.
35 Ал шөлди көллерге,
Кеўип қалған жерди булақларға
айландырады.
36 Ашларды сол жерге
жайластырады,
Олар жасаў ушын қала қурады.
37 Егин егип, жүзимзарлар
отырғызады,
Солардан мол өним алады.
38 Жаратқан Ийениң жарылқаўы
астында,
Олар өсип-өнеди,
Малларының саны көбейеди.

39-40 Жаратқан Ийе хор қылды
ақсүйеклерди,
Изсиз бир шөлде гездирди
оларды.
Күшли езиўшиликтен ҳәм
азаптан,
Олардың саны азайып,
көкиреклери басылды.
41 Ал жарлыларды болса,
езиўшиликтен қутқарды,
Қой сүриўиндей етип, зүрядын
көбейтти.
42 Ҳақ адамлар буны көрип
шадланады,
Наҳақлар болса аўызларын
жабады.

43 Ким дана болса, усыларға
итибар берсин,
Жаратқан Ийениң
сүйиспеншилигин
аңласын.

*(Заб 56:8-12; 59:7-14)*

# 107

1 *Қосық. Даўыттың жыры*

2 Жүрегим Саған садық, Қудай,
Пүткил жаным менен Сени
жырлап, саз шертемен.
3 Оян, ҳәй арфа ҳәм лира,
Ерте таңды мен оятайын!
4 Халықлар арасында Сени
алғыслайман, Жаратқан
Ийе,
Миллетлер арасында саз
шертип, Саған алғыс
айтаман.
5 Сүйиспеншилигиң көклерден
асар,
Садықлығың бултларға тийер.

6 Көктен де жоқары уллылана бер,
Қудай,
Даңқың пүткил жер жүзине
жайылсын!
7 Оң қолың менен жеңис бер,
мени есит,
Өз сүйгенлериң қутқарылсын!
8 Қудай Мухаддес мәканында
былай деди:
«Йошланып, Шехемди бөлемен,
Суккот ойпатлығын өлшеп
беремен.
9 Гилад Меникидур, Менашше де
Меники,
Эфрайым дуўлығам, Яҳуда
ҳүкимдарлық ҳасам.
10 Моаб жуўынатуғын ләгеним,
Эдомға аяқ кийимимди
таслайман,
Филист жеринде жеңис
дабылын қағаман».

11 Ким мени бекинисли қалаға
алып барады?
Ким маған Эдомға дейин жол
көрсетеди?
12 Қудай, Сен емессең бе?
Бирақ Сен бизлерден жүз
бурдың.
Әскерий ордамызға басшылық
етпей қойдың.
13 Душпанға қарсы гүресте жәрдем
бер,
Адамзаттың жәрдеми
бийҳудадур.
14 Қудай, Сениң жәрдемиң менен
қаҳарманлық көрсетемиз,
Душпанларымызды басқылап
таслайсаң.

# 108

1 *Атқарыўшылардың жетекшиси ушын. Даўыттың жыры*

Мен алғыслап жүрген Қудай,
Үнсиз қалма!

2 Жаўызлар ҳәм өтирикшилер
маған қарсы аўзын ашып,
Жалғаншы тиллери менен
мени алдайды.
3 Жеркенишли сөзлер менен мени
қоршап,
Себепсиз маған қарсы ҳүжим
қылады.
4 Сүйиспеншилигиме қарсы айып
тағады,
Бирақ дуўа етиўди даўам
етемен.
5 Жақсылығыма жаманлық
қайтарады,
Сүйиспеншилигим ушын мени
жек көреди.

6 Жаўыз адамды оларға қарсы
қой,
Оң жағында айыплаўшы биреў
турсын!
7 Ҳүким етилгенде, олар айыплы
болсын,
Олардың дуўасы гүна саналсын!
8 Олардың өмири қысқа болсын,
Ислейтуғын ўазыйпасын басқа
биреў алсын!
9 Балалары жетим,
Ҳаяллары жесир болып қалсын!
10 Балалары гезенде болып,
тиленшилик қылсын,
Қарабақанаға айланған
үйлеринен кетип, нан
излесин!
11 Мал-мүликлерин сүтхорлар
ийелесин,
Жыйнап-тергенлерин жат
адамлар тартып алсын!
12 Ҳеш ким оларға жақсылық
қылмасын,
Жетимлерине ҳеш ким рехим
етпесин!
13 Олардың әўлады жоқ болсын,
Бир әўладтан соң атлары өшип
қалсын!
14 Олардың ата-бабаларының
гүналарын,
Жаратқан Ийе, Сен еске ал,
Аналарының гүнасы
өширилмесин!
15 Гүналары ҳәмме ўақытта,
Жаратқан Ийе, Сениң
алдында турсын,
Олардың атларын жер жүзинен
жоқ ет!

16 Себеби олар жақсылық қылыўға
урынбады,
Бийшара ҳәм мүтәжлерди
қуўдалап,
Үмитсизликке түскенлерди
өлтирди.
17 Басқаларды нәлетлеўди жақсы
көрди,
Енди сол нәлетлер өз басына
түссин!
Ҳеш кимди жарылқаўды хош
көрмеди,
Енди жарылқаў олардан узақ
болсын!
18 Нәлетти олар кийимдей етип
кийип алды,
Нәлетлер суўдай ишине кирсин,
Майдай сүйеклерине сиңсин!
19 Кийим кийгендей, нәлетке
оранып алсын,
Оны ҳәр күни белине қайыс
қылып тақсын!
20 Жаратқан Ийе усылай
етип қайтарсын мени
айыплаўшыларға,
Маған қарсы жаман сөз
айтыўшыларға!

21 Ал Қудай Ийе,
Өз атың ушын маған жәрдем бер,

Сүйиспеншилигиң ийгиликли,
мени қутқар!
22 Мен бийшара ҳәм мүтәжбен,
Ишимде жүрегим жараланған.
23 Кешки көлеңкедей жоқ болып
баратырман,
Қағып жиберилдим шегиртке
сыяқлы.
24 Ораза тутыўдан дизелеримде
дәрман қалмады,
Азып, сүйек болып қалдым.
25 Мени айыплап атырғанлардың
алдында жүзим төмен
болды,
Мени көргенде, олар басын
шайқайды!

26 Маған жәрдем бер, Қудайым
Жаратқан Ийе,
Сүйиспеншилигиң ҳақы қутқар
мени!
27 Олар билсин бул исте Сениң
қолың бар екенин,
Буны Сениң ислегенинди,
Жаратқан Ийе!
28 Мейли, олар мени нәлетлесин,
бирақ Сен мени
жарылқайсаң,
Маған ҳүжим қылғанда, олар
шерменде болсын,
Қулың болған мен шадланаман.
29 Мени айыплаўшылар кийим
кийгендей уятқа бөленсин,
Шапан жамылғандай,
шерменделикти
жамылсын!

30 Жаратқан Ийени көп
тәрийиплеймен,
Жәмәәт ишинде Оны
алғыслайман.
31 Ол мүтәж адамның оң
тәрепинде турады,
Оның жанына қарсы ҳүким
шығаратуғынлардан
қутқарады.

# 109

1 *Даўыттың жыры*
Жаратқан Ийе ийеме
былай деди:
«Душпанларыңды аяғыңның
астына бастырмағанымша,
Мениң оң жағымда отыр».

2 Жаратқан Ийе Сионнан баслап
патшалығыңды кеңейтеди,
Душпанларыңның үстинен
ҳүкимдарлық қыл!
3 Сен саўашқа атланғаныңда,
Ләшкерлериң өз қәлеўи менен
изиңе ереди.
Таң қушағынан туўылған шық
сыяқлы,
Мухаддес кийимлер ишинде,
Жаслар сениң алдыңа келеди.
4 Жаратқан Ийе ант ишти, Өз
қарарынан қайтпайды:
«Сен Мелкиседек[a] сыяқлы,
Мәңгиге руўханий болып
қаласаң!» – деди.

5 Ийе сениң оң жағыңда,
Ол Өзиниң ғәзеп күнинде
патшаларды езип таслайды.
6 Миллетлерге қарсы ҳүким
шығарып,
Өликлерди үйип таслайды,
Пүткил жер жүзиндеги
ҳүкимдарларды езип
таслайды.
7 Патша жол бойындағы өзектен
суў ишеди,

---

a **109:4** Жар 14:18-20.

Ол басын жоқары көтереди.

## 110

1 Ҳалилуйя!
Ҳақ адамлардың жыйынында,
Жәмийет ишинде,
Пүткил жүрегим менен
Жаратқан Ийени
тәрийиплеймен.
2 Жаратқан Ийениң ислери уллы,
Олардан ләззет алатуғынлар
оларды изертлейди.
3 Оның ислери салтанатлы ҳәм
уллы,
Әдалатлығы мәңгиге даўам етеди.

4 Жаратқан Ийе умытылмас
әжайып ислер қылды,
Ол мийримли ҳәм реҳимли.
5 Өзинен қорқатуғынларға нан
береди,
Дүзген келисимин ҳеш ўақытта
умытпайды.
6 Басқа халықлардың жерлерин
Өз халқына берип,
Көрсетти оларға қүдиретли
ислерин.
7 Ислеген ҳәр бир исинде садық
ҳәм әдил,
Оның барлық пәрманлары
исенимли.
8 Булар мәңги-бақый беккем
турады,
Садықлық ҳәм әдалатлық
пенен орынланыўы тийис.
9 Ол Өз халқын азат етти,
Олар менен мәңгиге келисим
дүзди.
Оның аты мухаддес ҳәм
айбатлыдур.

10 Жаратқан Ийеден қорқыў –
даналықтың басы,
Оның буйрықларын
орынлағанның ҳәммеси,
Ақыл-парасаттың ийеси
болады.
Оған мәңги алғыс-мақтаў
айтылады!

## 111

1 Ҳалилуйя!
Қандай бахытлы Жаратқан
Ийеден қорқатуғын,
Оның буйрықларын орынлап,
рәҳәтленетуғын адам!

2 Оның әўлады қүдиретли болар
жер жүзинде,
Ҳақлардың әўлады жарылқаў
алады.
3 Молшылық ҳәм байлық үйинде
болады,
Ҳақлығы мәңги даўам етеди.
4 Қараңғылықта нур шығады
ҳақлар ушын,
Мийрим-шәпәәтли, реҳимли
ҳәм әдил адамлар ушын.
5 Қолы ашық, қарыз беретуғын,
Ислерин әдалатлық пенен
ислейтуғын адам абадан
турмысқа ериседи!
6 Ол ҳасла сүрникпейди,
Ҳақ адам мәңги еске алынады.
7 Ол жаман хабардан қорқпайды,
Жаратқан Ийеге исенген
жүреги беккем.
8 Оның жүреги мықлы, қорқыў
дегенди билмейди,
Душпанларының жеңилисин
көреди.
9 Ол мүтәжлерге сақыйлық пенен
жәрдем береди,
Оның ҳақлығы мәңги даўам
етеди,
Қүдиретли ҳәм абырайлы болады.

10 Жаўыз адам буны көрип,
ашыўланады,
Тисленип, өзин өзи жеп, жоқ
болады,
Жаўызлардың қәлеўи пушқа
шығады.

9 Бийперзент ҳаялды өз үйинде
жарылқап,
Оған перзент сыйлап, бахытлы
қылады.

Ҳалилуйя!

# 112

1 Ҳалилуйя!

Алғыслар айтың, ҳәй Жаратқан
Ийениң қуллары,
Жаратқан Ийениң атына
алғыслар айтың!

2 Ҳәзир ҳәм мәңгиге,
Жаратқан Ийениң атына
алғыслар болсын!
3 Шығыстан батысқа дейин,
Жаратқан Ийениң атына
алғыслар болсын!
4 Жаратқан Ийе барлық
миллетлерден бәлентте,
Оның салтанаты көклерден де
жоқары.

5 Жоқарыда тахтта отырған,
Қудайымыз Жаратқан Ийеге
ким теңлесе алады?
6 Ол ийилип қарайды,
Көктегилерге ҳәм жер
жүзиндегилерге.
7 Жарлыны топырақтан көтерип
алып,
Бийшараны тасланды
арасынан алып шығады.
8 Оларды отырғызады ақсүйеклер
менен,
Халқының ақсүйеклери менен.

# 113

1 Израил Мысырдан
шыққанда,
Яқыптың урпағы тили басқа
халықтан кеткенде,
2 Яҳуда Жаратқан Ийениң
мухаддес жери,
Израил Оның патшалығы болды.

3 Теңиз оларды көрип, артқа
шегинди[a],
Иордан дәрьясы терисине
ақты[b].
4 Таўлар қошқарлар сыяқлы,
Төбешиклер қозылар киби
секирди[c].

5 Ҳәй, теңиз, не ушын артқа
шегиндиң?
Ҳәй, Иордан, не ушын терис
қарай ақтың?
6 Ҳәй, таўлар, не ушын қошқар
сыяқлы,
Ҳәй, төбешиклер, не ушын
қозы киби секирдиң?

7 Титире, ҳәй жер жүзи, Ийениң
алдында,
Яқыптың Қудайының алдында.
8 Ол жартасты суў ҳәўизине,
Қатты тасты булаққа
айландырды[d].

---

a **113:3** Шығ 14–15.
b **113:3** Ешу 3.
c **113:4** Шығ 19:16-19; Бий 5:4-5.
d **113:8** Шығ 17:1-7.

9 Бизлердиң емес, Жаратқан Ийе,
бизлердиң емес,
Сүйиспеншилигиң ҳәм
садықлығың ҳақы,
Сениң атың даңққа бөленсин!

10 Не ушын басқа халықлар:
«Олардың Қудайы қаяқта?» –
деп айтыўы керек?
11 Бизлердиң Қудайымыз
көклерде,
Ол нени қәлесе, соны ислейди.
12 Ал олардың бутлары гүмис ҳәм
алтыннан,
Адамның қоллары менен
соғылған.
13 Аўызлары бар, сөйлемейди,
Көзлери бар, көрмейди,
14 Қулақлары бар, еситпейди,
Мурынлары бар, ийис
сезбейди,
15 Қоллары бар, бирақ сезбейди,
Аяқлары бар, жүрмейди,
Тамақларынан даўыс шығара
алмайды.
16 Оларды соққан, оларға
исенгенлердиң ҳәммеси,
Солар сыяқлы болып қалады!

17 Израил халқы, Жаратқан
Ийеге үмит байлаң,
Ол жәрдемшиңиз ҳәм
қалқаныңыздур!
18 Харон урпағы, Жаратқан Ийеге
үмит байлаң,
Ол жәрдемшиңиз ҳәм
қалқаныңыздур!
19 Жаратқан Ийеден
қорқатуғынлар, Жаратқан
Ийеге үмит байлаң,
Ол жәрдемшиңиз ҳәм
қалқаныңыздур!
20 Жаратқан Ийе бизлерди ядында
тутып, жарылқайды,
Израил халқын жарылқайды,
Харон урпағын жарылқайды.
21 Үлкенди-кишини,
Өзинен қорқатуғынлардың
ҳәммесин жарылқайды.

22 Сизлердиң ҳәм
балаларыңыздың санын,
Жаратқан Ийе көбейтсин!
23 Аспан ҳәм жерди дөреткен
Жаратқан Ийе,
Сизлерди жарылқасын!

24 Көклер Жаратқан Ийеге тийисли,
Ал жер жүзин Ол адамларға
берди.
25 Марҳумлар, үнсизлик мәканына
түскенлер,
Жаратқан Ийеге алғыслар
айтпайды.
26 Бизлер Жаратқан Ийени
алғыслаймыз,
Ҳәзирден баслап мәңгиге
дейин.

Ҳалилуйя!

# 114

1 Жаратқан Ийени
сүйемен,
Ол дадымды еситеди.
2 Маған қулақ түргени ушын,
Өмирим бойы, Оны
шақыраман.

3 Өлим арқанлары мени орап
алды,
Өлилер мәканының
қорқынышы қыйнады,
Мени ҳәсирет ҳәм қайғы басты.
4 Сонда Жаратқан Ийениң атын
айтып шақырдым,

«О Жаратқан Ийе, жанымды
қутқар!» – дедим.

5 Жаратқан Ийе меҳрибан ҳәм әдил,
Қудайымыз реҳимли.
6 Жаратқан Ийе сада адамларды
сақлайды,
Қәуип-қәтерде қалғанымда,
мени қутқарады.
7 Ҳәй, жаным, және рәҳәтлен,
Жаратқан Ийе саған жақсылық
қылды.

8 Жаратқан Ийе, Сен жанымды
өлимнен,
Көзлеримди жастан,
Аяқларымды сүрнигиўден
сақладың.
9 Тирилердиң әлеминде,
Жаратқан Ийениң дәргайында
жүремен.

# 115

1 «Қатты азап шегип
атырман», – дегеним-
де де,
Мен исенимимди жойтпадым.
2 Асығып, албырағанымда,
«Барлық адамлар өтирикши», –
дедим.

3 Маған қылған соншелли көп
жақсылықларын,
Жаратқан Ийеге қалай
қайтараман?
4 Қутқарғаны ушын ишимлик
садақасын усынаман,
Жаратқан Ийениң атын айтып
шақыраман.
5 Пүткил халқының алдында,
Жаратқан Ийеге айтқан
антымды орынлайман.

6 Садық қулларының өлими,
Жаратқан Ийениң нәзеринде
қымбатлыдур.
7 О Жаратқан Ийе, шынында
мен Сениң қулыңман,
Шорыңның улыман,
Сен мени буғаўдан азат еттиң.

8 Миннетдаршылық
қурбанлығын Саған
усынып,
Сениң атыңды айтып
шақыраман, Жаратқан
Ийе.
9-10 Жаратқан Ийениң Үйиниң
ҳәўлисинде,
Ерусалим, сениң қақ ортаңда,
Пүткил халықтың алдында,
Жаратқан Ийеге айтқан
антымды орынлайман.

Ҳалилуйя!

# 116

1 Барлық миллетлер,
Жаратқан Ийеге алғыс-
мақтаўлар айтың!
Барлық халықлар, Оны даңққа
бөлең!
2 Бизлерге көрсеткен
сүйиспеншилиги уллы,
Жаратқан Ийениң садықлығы
мәңгиге даўам етеди.

Ҳалилуйя!

# 117

1 Жаратқан Ийени
тәрийиплең, Ол ийги-
ликли,
Садықлығы мәңги даўам етеди!
2 Израил халқы былай десин:
«Садықлығы мәңги даўам
етеди!»
3 Харонның урпағы былай десин:
«Садықлығы мәңги даўам етеди!»

4 Жаратқан Ийеден
қорқатуғынлар былай
десин:
«Садықлығы мәңги даўам етеди!»

5 Қыйын жағдайымда Жаратқан
Ийеге жалбарындым,
Жуўап берип, Ол мени
кеңисликке шығарды.
6 Жаратқан Ийе мениң менен
бирге, қорқпайман,
Не қыла алады адамлар маған?
7 Жаратқан Ийе мениң
менен бирге, Ол мениң
мәдеткерим,
Мени жек көргенлердиң
жеңилисин көремен.
8 Адамнан үмит еткеннен гөре,
Жаратқан Ийеден пана излеген
жақсы.
9 Ақсүйеклерден үмит еткеннен
гөре,
Жаратқан Ийеден пана излеген
жақсы.

10 Барлық миллетлер мени қоршап
алды,
Жаратқан Ийениң аты менен
қыйраттым оларды.
11 Қоршап алып, маған ҳүжим
қылды,
Жаратқан Ийениң аты менен
қырдым оларды.
12 Ҳәррелердей мени қоршап алды,
Бирақ жанған тикен
путасындай тез өшип
қалды,
Жаратқан Ийениң аты менен
қырдым оларды.
13 Мени қулатыў ушын қатты
ийтерди,
Бирақ Жаратқан Ийе маған
жәрдем берди.
14 Жаратқан Ийе күш-қүдиретим,
Қутқарыўға келди Ол мени.

15 Шадлық ҳәм жеңис даўыслары,
Жаңлайды ҳақ адамлардың
шатырларында:
«Жаратқан Ийениң оң қолы
қүдиретли ислер қылады!
16 Жаратқан Ийениң оң қолы
жеңис береди,
Жаратқан Ийениң оң қолы
қүдиретли ислер қылады!»
17 Мен өлмеймен, жасайман,
Жаратқан Ийениң ислерин
жәриялайман.
18 Жаратқан Ийе мени қатаң
жазалап, жолға салды,
Бирақ өлимге тапсырмады.

19 Ашың маған ҳақлық
дәрўазаларын,
Кирип, Жаратқан Ийени
тәрийиплейин.

20 Бул Жаратқан Ийениң
дәрўазасы!
Ҳақ адамлар оннан кире алады.

21 Сени тәрийиплеймен, себеби
маған жуўап бердиң,
Мени қутқарыўға келдиң.
22 Қурылысшылардың керексиз
деп таслаған тасы,
Үйдиң мүйешиниң тийкарғы
тасы болды.
23 Жаратқан Ийе қылған бул ис,
Көзимизге әжайып көринди!
24 Бүгин Жаратқан Ийениң
жаратқан күни,
Усы күни қуўанып,
шадланайық!
25 Жалбарынамыз, Жаратқан Ийе,
қутқар бизлерди,

Жалбарынамыз, Жаратқан
Ийе, бизлерге әўмет бер!

26 Жаратқан Ийениң аты менен
келетуғын жарылқансын!
Жаратқан Ийениң Үйинен
саған пәтия беремиз.
27 Жаратқан Ийе – Қудайдур,
бизлерге нур береди,
Байрамды белгилеп баслаң,
Жапырақлы шақаларды алып,
құрбанлық орынға барың.

28 Сен мениң Қудайымсаң, Сени
тәрийиплеймен,
Сен мениң Қудайымсаң, Сени
уллылайман.

29 Жаратқан Ийени тәрийиплең,
Ол ийгиликли,
Садықлығы мәңги даўам
етеди.

# 118

1 Қандай бахытлы минсиз жолдан жүргенлер,
Жаратқан Ийе, Сениң
нызамың бойынша
жасайтуғынлар!
2 Қандай бахытлы Сениң
шәртлериңе әмел
қылатуғынлар,
Шын жүреги менен Сени
излегенлер!
3 Олар ҳеш қандай наҳақлық
қылмас,
Сениң жолыңда жүрер.
4 Берген пәрманларыңды,
Мұқыятлы түрде
орынлаўымызды
тапсырдың.
5 Қәне енди, турақлы болсам,
Сениң қағыйдаларыңды
орынлаўда!
6 Егер барлық буйрықларыңнан
нәзеримди айырмасам,
Мен шерменде болмайман.
7 Сениң әдил нызамларыңды
үйренгенимде,
Пәк жүрек пенен Саған алғыс-
мақтаў айтаман.
8 Қағыйдаларыңды орынлайман,
Мени пүткиллей таслап кетпе!

9 Жас жигит қалай пәк жол менен
жүре алады?
Сениң сөзиң бойынша жасаў
арқалы соған ериседи.
10 Пүткил жүрегим менен Саған
умтыламан,
Буйрықларыңнан аўып
кетиўиме жол қойма!
11 Саған қарсы гүна ислемеўим
ушын,
Жүрегимде сақладым
сөзлериңди.
12 Алғыслар болсын Саған,
Жаратқан Ийе,
Маған қағыйдаларыңды үйрет.
13 Аўзыңнан шыққан барлық
қарарларыңды,
Өз аўзым менен жәриялайман.
14 Шәртлериң менен жасап,
шадланаман,
Үлкен байлық тапқандай
боламан.
15 Пәрманларың ҳаққында терең
ой жууыртаман,
Сениң жолларыңа дыққат
қыламан.
16 Қағыйдаларыңнан ләззет
аламан,
Сөзлериңди умытпайман.

17 Маған, қулыңа ийгилик қыл,
Өмир сүрип, сөзиңе әмел
қыламан.

18 Көзлеримди аш,
Нызамыңдағы әжайып
ислериңди көрейин.
19 Мен бир келгиндимен бул
дүньяда,
Буйрықларыңды меннен
жасырма.
20 Бәрқулла Сениң ҳүкимлериңди,
Жаным сағынып сарғаяды.
21 Буйрықларыңнан аўып кеткен,
Нәлетленген тәкаббирлерди
кейийсең.
22 Масқарашылық ҳәм хорлықты
меннен узақластыр,
Себеби шәртлериңди орынлап
киятырман.
23 Басшылар жыйналып, маған
қарсы өсек айтса да,
Мен, қулың Сениң
қағыйдаларың ҳаққында
терең ой жуўыртаман.
24 Шәртлериңнен ләззет аламан,
Олар маған ақыл береди.

25 Жаным әжелге жақынлап қалды,
Ўәдең бойынша өмир бер маған.
26 Жүрген жолларымды айтып
бердим, маған жуўап
бердиң,
Қағыйдаларыңды үйрет маған!
27 Пәрманларыңның мәнисин
түсиндир,
Солай етип, әжайып ислериң
ҳаққында ой жуўыртайын.
28 Ғам-қайғыдан жаным ада болды,
Ўәде қылғаныңдай, мени аяққа
турғыз!
29 Жаман жолдан узақластыр,
Мийримиң менен маған
нызамыңды үйрет.
30 Садықлық жолын таңладым,
Әдалатлы қағыйдаларыңды көз
алдыма қойдым.
31 Шәртлериңди беккем услайман,
Жаратқан Ийе, уятқа қалдырма
мени!
32 Шын жүректен
буйрықларыңның
жолынан жүремен,
Кеўлиме кең түсиник бердиң.

33 Қағыйдаларыңның жолын үйрет
маған, Жаратқан Ийе,
Мен оларды ақырына дейин
орынлайман.
34 Түсиник бер, нызамыңа әмел
қыламан,
Шын жүрегимнен оған
бойсынаман.
35 Буйрықларыңның жолы менен
мени жетеле,
Мен оннан рәҳәт аламан.
36 Жүрегимди наҳақ пайдаға емес,
Ал Өз шәртлериңе қарай бур.
37 Көзлеримди бийҳуда
нәрселерден қайтар,
Өз жолыңда жанымды сақлай
гөр.
38 Адамлар Сеннен қорқыўы ушын,
Маған, Өз қулыңа берген
ўәдеңди орынла.
39 Мени өзим қорққан
шермендеоликтен узақ қыл,
Сениң қағыйдаларың ийгиликли.
40 Пәрманларыңа талпынаман,
Сен әдалатлысаң, өмиримди
сақла.

41 Маған сүйиспеншилигиңди
көрсет, Жаратқан Ийе,
Ўәдең бойынша қутқар мени!
42 Сонда мени мазақлағанларға
жуўап қайтара аламан,
Сениң сөзиңе исенемен.
43 Ҳақыйқат сөзиңди алып қойма
аўзымнан,

Сениң карарларыңа үмит
байлайман.
44 Нызамыңа ҳәмме ўақытта,
Ҳәзир ҳәм мәңги-бақый әмел
қыламан.
45 Мен еркин жүремен,
Себеби пәрманларыңды
орынлаўға тырысаман.
46 Патшалар алдында
шәртлериңди айтаман,
Буннан уялмайман.
47 Буйрықларыңнан ләззет
аламан,
Оларды жақсы көремен.
48 Буйрықларыңды сүйип, ҳүрмет
етемен,
Қағыйдаларың ҳаққында ой
жуўыртаман.

49 Қулың болған маған берген
ўәдеңди есле,
Ол арқалы Сен маған үмит
бердиң.
50 Сениң ўәдең өмиримди
сақлайды,
Азап ишинде қалғанымда усы
маған жубаныш береди.
51 Тәкаббирлер мени ҳәдден тыс
мазақлайды,
Сонда да Сениң нызамыңнан
жүз бурмадым.
52 Әзелги қағыйдаларыңды
еслеймен,
Солар маған жубаныш береди,
Жаратқан Ийе.
53 Нызамыңнан жүз бурған
жаўызлар себепли,
Ғәзепке толып кетемен.
54 Қай жерде жасасам да,
Сениң қағыйдаларыңды
жырлап жүремен.
55 Түнде атыңды еслеймен,
Жаратқан Ийе,
Нызамыңа әмел қыламан.
56 Бул маған әдет болып қалған,
Сениң пәрманларыңа әмел
қыламан.

57 Мениң үлесим Сенсең,
Жаратқан Ийе,
Сөзлериңди орынлайман, деп
ўәде бердим.
58 Шын жүрегимнен Сениң
мийримиңди излеймен,
Ўәдең бойынша маған рeҳим ет.
59 Тутқан жолларыма дыққат
еттим,
Шәртлериң бойынша адым
аттым.
60 Буйрықларыңды орынлаўға,
Асығаман ҳәм кешиктирмеймен.
61 Жаўызлардың арқанлары мени
орап байлады,
Ал мен нызамыңды
умытпадым.
62 Әдил ҳүкимлериң ушын,
Түн ортасында турып, Сени
тәрийиплеймен.
63 Сеннен қорқатуғынлардың,
Пәрманларыңа әмел
қылатуғынлардың
достыман.
64 Жер жүзи сүйиспеншилигиңе
толы, Жаратқан Ийе,
Қағыйдаларыңды үйрет маған!

65 Жаратқан Ийе, жақсылық
қылдың қулыңа,
Берген ўәдеңде турдың.
66 Маған зейин ҳәм түсиник бер,
Сениң буйрықларыңа
исенемен.
67 Азап шегиўден алдын жолдан
адастым,
Бирақ енди Сениң сөзиңе әмел
қыламан.

68 Сен ийгиликлисең, жақсылық
қыласаң,
Маған қағыйдаларыңды үйрет.
69 Тәкаббирлер жалған сөйлеп,
мени қаралады,
Бирақ мен шын жүрегим
менен пәрманларыңа
бойсынаман.
70 Олардың жүреклерин май
басқан,
Ал мен нызамыңнан ләззет
аламан.
71 Жақсы болды азап шеккеним,
Усы арқалы қағыйдаларыңды
үйрендим.
72 Аўзыңнан шыққан нызам мен
ушын,
Мыңлаған алтын ҳәм гүмистен
баҳалыдур.

73 Сениң қолларың мени жаратып,
пишим берди,
Түсиник берип,
буйрықларыңды үйрет.
74 Сеннен қорқатуғынлар мени
көрип қуўансын,
Мен Сениң сөзиңе үмит
байладым.
75 Жаратқан Ийе, Сениң
ҳүкимлериң әдил екенин
билемен,
Маған әдалатлы түрде азап
шектирдиң.
76 Қулың болған маған берген
ўәдең бойынша,
Сүйиспеншилигиң мени
жубатсын.
77 Маған рехим қыл, аман жасайын,
Нызамың мен ушын ләззетли.
78 Мени жалған айыплағаны ушын,
Тәкаббирлер шерменде болсын.
Ал мен пәрманларың ҳаққында
ой жуўыртаман.
79 Шәртлериңди билетуғынлар,
Сеннен қорқатуғынлар,
Маған бет бурсын.
80 Шерменде болмаўым ушын,
Қағыйдаларыңа бола жүрегим
минсиз болсын.

81 Қутқарыўыңа интизар болып,
жаным ада болды,
Сениң сөзиңе үмит байладым.
82 Берген сөзиңниң орынланыўын
күтип,
Көзлеримниң нуры сөнди,
«Қашан мени жубатасаң?» –
деп сорайман.
83 Тозған шапандай болып қалсам да,
Умытпайман Сениң
қағыйдаларыңды.
84 Қулың болған мен және қанша
күтиўим керек?
Мени қуўғын қылып
атырғанларды қашан
ҳүким қыласаң?
85 Нызамыңа бойсынбайтуғын
тәкаббирлер,
Шуқыр қазды мен ушын.
86 Барлық буйрықларың исенимли,
Мени наҳақ қуўдаламақта,
жәрдем бер!
87 Олар мени жер жүзинен жоқ
қыла жазлады,
Бирақ мен Сениң
пәрманларыңнан
айырылмадым.
88 Сүйиспеншилигиң ҳақы
жанымды қорға,
Аўзыңнан шыққан шәртлериңе
әмел қыламан.

89 Жаратқан Ийе, сөзиң мәңги,
Ол көклерде беккем турады.
90 Садықлығың әўладтан-әўладқа
даўам етеди,

Сен орнатқан жер жүзи беккем
турады.
91 Қарарларың бойынша олар
бүгинге дейин турыпты,
Олардың ҳәммеси Саған
хызмет етеди.
92 Егер нызамың маған ләззет
бағышламағанда,
Шеккен азапларымнан өлип
кетер едим.
93 Пәрманларыңды ҳасла
умытпайман,
Солар арқалы өмиримди
сақладың.
94 Мен Саған тийислимен, қутқар
мени,
Сениң пәрманларыңа
талпынаман.
95 Жаўызлар мени жоқ қылыў
ушын аңлыйды,
Ал мен Сениң шәртлериңе
дыққат аўдараман.
96 Сениң буйрықларыңнан басқа,
Ҳеш бир нәрсе минсиз емес.

97 Нызамыңды қаншелли
сүйемен!
Күни бойы оның үстинде ой
жуўыртаман.
98 Буйрықларың мени
душпанларымнан гөре
дана қылады,
Буйрықларың мәңги мениң
менен бирге.
99 Барлық устазларымнан гөре,
ақыллырақ болдым,
Себеби шәртлериң үстинде ой
жуўырттым.
100 Жасы үлкенлерден гөре,
данаман,
Өйткени пәрманларыңа
бойсындым.
101 Сениң сөзиңе әмел қылыў ушын,
Жаман жолға аяқ басыўдан
аўлақ болдым.
102 Қағыйдаларыңнан шетке
шықпадым,
Сен маған тәлим бергенсең.
103 Сөзлериң таңлайыма соншелли
мазалы,
Палдан да татлы мениң аўзыма!
104 Пәрманларың арқалы
даналыққа ийе боламан,
Соның ушын, ҳәр қандай
жалған жолдан
жеркенемен.

105 Сөзлериң қәдемлерим ушын
шыра,
Жолымды жарық қылатуғын
нур.
106 Әдил қағыйдаларыңды
орынлаўға ант иштим,
Сөзимде турып, антымды
орынлайман.
107 Көп азап шектим, Жаратқан
Ийе,
Ўәдең бойынша жанымды
қорға.
108 Ықтыярлы садақам болған
алғысларымды қабыл ет,
Маған қағыйдаларыңды үйрет.
109 Жаным ҳәмме ўақытта қәўип
астында,
Сонда да нызамыңды
умытпайман.
110 Жаўызлар дузақ қурды маған,
Сонда да пәрманларыңнан
шетке шықпадым.
111 Шәртлериң мәңги мийрасым,
Жүрегимниң қуўанышы олар.
112 Қағыйдаларыңа ақырына
дейин,
Мәңгиге бойсыныўды қарар
еттим.

113 Еки жүзлилерден жеркенемен,
Сениң нызамыңды сүйемен.
114 Панам ҳәм қалқаным Сенсең,
Сениң сөзиңе үмит байладым.
115 Ҳәй, жаўызлар, меннен аўлақ
жүриң,
Мен Қудайымның
буйрықларын орынлайман.
116 Қудай, жасаўым ушын, ўәдең
бойынша мени қоллап
қуўатла,
Үмитимди босқа шығарып,
уялтпа!
117 Қутқарылыўым ушын, мени
қоллап қуўатла,
Мудамы дыққат саламан
қағыйдаларыңа.
118 Қағыйдаларыңнан аўып
кеткенлерден жүз бурасаң,
Олардың ҳийлелери
бийҳудадур.
119 Дүньядағы жаўызларды
шығындыдай етип
таслайсаң,
Сонлықтан сүйемен Сениң
шәртлериңди.
120 Сеннен қорққанымнан денем
титирейди,
Ҳүкимлериңнен қорқаман.

121 Әдил ҳәм туўры ислер қылдым,
Езиўшилердиң қолына
қалдырма мени!
122 Қулыңның бахтына кепиллик
бер,
Тәкаббирлердиң мени езиўине
жол қойма.
123 Мени қутқарыўыңды күтип,
Көзлеримниң нуры сөнди.
Мени азат етиўди ўәде қылған
едиң.
124 Қулыңа сүйиспеншилигиңди
көрсет,
Маған қағыйдаларыңды үйрет.
125 Мен Сениң қулыңман, маған
ақыл бер,
Шәртлериңди билип алайын.
126 Жаратқан Ийе, Өз исиңди
қылатуғын ўақтың келди,
Адамлар нызамыңды бузды.
127 Сениң буйрықларыңды,
Алтыннан, сап алтыннан да
жақсы көремен.
128 Сен берген барлық
пәрманларың бойынша
қәдем басаман,
Ҳәр бир жалған жолдан
жеркенемен.

129 Сениң шәртлериң әжайып,
Сонлықтан оларға әмел
қыламан.
130 Мәниси ашылғанда, сөзлериң
нур шашады,
Садаларға ақыл береди.
131 Шөллеп, аўзымды ашаман,
Сениң буйрықларыңа
куштарман.
132 Атыңды сүйгенлерге мудамы
қылғаныңдай,
Нәзер салып, маған реҳим көрсет.
133 Сөзиң менен қәдемлеримди
беккемле,
Ҳеш бир гүна мениң үстимнен
ҳүкимдарлық қылмасын.
134 Адамлардың зулымлығынан
азат қыл мени,
Солай етип, пәрманларыңа
әмел қыламан.
135 Сениң жүзиң қулың болған
маған нурын шашсын,
Қағыйдаларыңды үйрет маған.
136 Дәрья болып, жас төгилер
көзлеримнен,
Нызамыңа әмел қылмай атыр
адамлар.

137 Сен әдилсең, Жаратқан Ийе,
Ҳүкимлериң әдалатлы.
138 Буйырған шәртлериң әдалатлы,
Олар толық исенимли.
139 Сөзлериңди умытты
душпанларым,
Соған деген ғәзебим диңкемди
қуртты.
140 Сөзиң сондай пәк,
Қулың оны сүйеди.
141 Мен керексизбен, хорланғанман,
Бирақ пәрманларыңды
умытпайман.
142 Сениң әдалатың мәңгидур,
Нызамың ҳақыйқатдур.
143 Қайғы ҳәм азапқа дус келсем де,
Ләззет аламан
буйрықларыңнан.
144 Шәртлериң мәңгиге
әдалатлыдур,
Жасаўым ушын маған ақыл бер.

145 Пүткил жүрегим менен
жалбарынаман,
Жуўап бер маған, Жаратқан
Ийе!
Сениң қағыйдаларыңа әмел
қыламан.
146 Мени қутқар деп, Саған дад
саламан,
Шәртлериңе әмел қыламан.
147 Күн шықпастан турып, жәрдем
сорайман,
Сениң сөзиңе үмит байлайман.
148 Берген ўәдеңди түсинейин деп,
Түни бойы уйқы келмес көзиме.
149 Сүйиспеншилигиң бойынша
даўысыма қулақ сал,
Ҳүкимлериң бойынша,
жанымды аман сақла,
Жаратқан Ийе!
150 Жаўыз жоба дүзетуғынлар
жақынлап қалды,
Олар нызамыңнан узақласқан.
151 Бирақ Жаратқан Ийе, Сен
жанымдасаң,
Барлық буйрықларың
ҳақыйқатдур.
152 Шәртлериңди мәңгиге
тайынлағаныңды,
Бурыннан мен түсиндим.

153 Шеккен азапларыма қара,
қутқар мени,
Нызамыңды умытпадым.
154 Сен мени жақлап, мени қутқар,
Ўәдең бойынша жанымды
сақла.
155 Қутқарылыўў жаўызлардан
узақдур,
Сениң қағыйдаларыңды олар
излемес.
156 Реҳимиң уллыдур, Жаратқан
Ийе,
Ҳүкимлериң бойынша
жанымды сақла.
157 Мени қуўдалайтуғын
душпанларым көп,
Сонда да шәртлериңнен шетке
шықпадым.
158 Опасызларды көргенимде
жеркенемен,
Олар көрсетпелериңе әмел
қылмайды.
159 Қара, пәрманларыңды
қаншелли сүйемен,
Сүйиспеншилигиң менен
жанымды сақла.
160 Сөзиңниң негизи ҳақыйқатдур,
Әдил ҳүкимлериңниң ҳәммеси
мәңги даўам етеди.

161 Ҳүкимдарлар мени айыпсыз
қуўдалайды,
Ал жүрегим сөзиңнен қорқады.
162 Көп олжа тапқан адамдай,

Сениң сөзлериңе сондай
қуўанаман.
163 Жалғаннан тиксинип,
жеркенемен,
Бирақ Сениң нызамыңды
сүйемен.
164 Әдил ҳүкимлериң ушын,
Күнине жети мәрте Саған алғыс
айтаман.
165 Нызамыңды сүйгенлер уллы
абаданшылыққа жетисер,
Олар ҳеш нәрсеге сүрникпес.
166 Жаратқан Ийе, қутқарыўыңнан
үмит қыламан,
Буйрықларыңды орынлайман.
167 Шәртлериңе әмел қыламан,
Мен оларды жүдә жақсы көремен.
168 Пәрман ҳәм шәртлериңе әмел
қыламан,
Барлық жолларымнан хабарың
бар.

169 Пәриядым Саған жетсин,
Жаратқан Ийе,
Сөзиң бойынша даналық бер
маған.
170 Жалбарыныўым Саған жетип
барсын,
Ўәдең бойынша қутқар мени!
171 Аўзым алғыс-мақтаўға толып
тассын,
Маған қағыйдаларыңды
үйретесең.
172 Тилим сөзиңди жырласын,
Барлық буйрықларың әдил.
173 Қолың маған жәрдем берсин,
Пәрманларыңа бойсыныўды
таңладым.
174 Қутқарыўыңды аңсайман,
Жаратқан Ийе,
Нызамыңнан ләззет аламан.
175 Жанымды сақла, Саған
алғыслар айтайын,
Ҳүкимлериң маған жәрдем
берсин.
176 Жойтылған қойдай жолдан
адастым,
Қулыңды излеп таўып ал,
Себеби буйрықларыңды
умытпадым.

# 119

1 *Ибадатханаға баратырғанда айтылатуғын жыр*
Қыйын жағдайға түскенимде,
Жаратқан Ийеге пәрияд
еттим,
Ол маған жуўап берди.
2 Жаратқан Ийе, қутқар
жанымды жалған
сөзлерден,
Өтирикши тиллерден.

3 Ҳәй, өтирикши тил,
Жаратқан Ийе басыңа не
салады?
Және саған нелерди қылар екен?
4 Ол сени жаўынгердиң өткир
оқлары менен,
Жанып турған отынның
шоқлары менен
жазалайды.

5 Сорым қурысын, Мешехте
келгиндимен,
Кедар халқының шатырлары
арасында жасайман.
6 Тынышлықты жек
көретуғынлардың арасында,
Узақ ўақыт бирге турдым.
7 Мен тынышлық тәрепдарыман,
Сөйлейин деп аўзымды ашсам,
Олар урысыўға таяр.

# 120

1 *Ибадатханаға баратырғанда айтылатуғын жыр*

Көзлеримди таўларға тигемен,
Қай жерден маған жәрдем
келер деп?
2 Аспан ҳәм жерди дөреткен,
Жаратқан Ийеден келеди
жәрдем.

3 Ол аяқларыңның сүрнигиўине
жол қоймас,
Сени қорғаўшы мүлгимес.
4 Қара, Израилдың қорғаўшысы,
Мүлгимейди де, уйықламайды да.

5 Жаратқан Ийе – сениң
қорғаўшың,
Ол – сениң оң жағыңдағы
көлеңкең.
6 Күндиз қуяштың ыссылығы,
Түнде айдың сәўлеси саған
зыян тийгизбес.

7 Жаратқан Ийе сени барлық
жаманлықтан сақлайды,
Ол сениң жаныңды қорғайды.
8 Барар ҳәм қайтар жолларыңда,
Жаратқан Ийе ҳәзир ҳәм
мәңгиге сени қорғайды.

# 121

1 *Ибадатханаға бара-
тырғанда айтылатуғын
Дәўиттиң жыры*
«Жаратқан Ийениң Үйине
барайық», – деп,
Маған айтқанда, қуўанып кеттим.
2 Ерусалим, дәрўазаларыңның
ишине қәдем бастық!

3 Дийўаллары бир-бири менен
тутасқан,
Ерусалим беккем қала болып
салынған.
4 Израилға берилген нызам
бойынша,
Жаратқан Ийениң атына алғыс
айтыў ушын,
Урыўлар, Жаратқан Ийеге
тийисли урыўлар,
Ол жерге көтерилип барады.
5 Ол жерде ҳүким тахтлары,
Дәўит урпағының тахтлары
қурылған.

6 Тынышлық тилең Ерусалимге:
«Сени сүйетуғынлар тыныш
өмир сүрсин!
7 Сениң дийўалларыңның
ишинде тынышлық,
Қорғанларыңда бийқәтерлик
болсын!»
8 Туўысқанларым ҳәм досларым
ҳақы,
«Тынышлық болсын саған!» –
деймен.
9 Қудайымыз Жаратқан Ийениң
Үйи ҳақы,
Саған ийгилик тилеймен.

# 122

1 *Ибадатханаға бара-
тырғанда айтылатуғын
жыр*
Көклерде тахт қурған Қудай!
Көзлеримди Саған тигемен.
2 Қуллардың көзлери
хожайынының,
Шорының көзлери
ханымының қолына
тигилгениндей,
Бизлерге рехим қыл, деп,
Бизлердиң көзлеримиз
Қудайымыз Жаратқан
Ийеге тигилген.

3 Рехим қыл бизлерге, Жаратқан
Ийе, рехим қыл,
Көрген хорлығымыз жетип
артады.

4 Рәҳәтте жасап атырғанлардың
масқаралаўы,
Тәкаббирлердиң хорлаўы,
Жанымыздан тойдырып
жиберди.

**123** 1 *Ибадатханаға баратырғанда айтылатуғын Даўыттың жыры*
Израил былай деп айтсын:
«Егер Жаратқан Ийе бизлер
тәрепте болмағанда,
2 Аўа, Жаратқан Ийе бизлер
тәрепте болмағанда,
Адамлар бизлерге ҳүжим
қылғанда,
3 Ғәзеплери бизлерге қарсы
лаўлағанда,
Олар бизлерди тирилей жутар
еди.
4 Топан суў бизлерди жуўып
таслар еди,
Селлер үстимизден басып кетер
еди.
5 Қутырған суўлар бизлерди
басып кетер еди».

6 Олардың тислерине бизлерди
олжа қылмаған Жаратқан
Ийеге,
Алғыслар болсын!
7 Аңшының дузағынан қутылған
қусларға уқсаймыз,
Дузақ сынып, бизлер қутылдық.
8 Аспан ҳәм жерди жаратқан,
Жаратқан Ийениң атынан
бизге жәрдем келеди.

**124** 1 *Ибадатханаға баратырғанда айтылатуғын жыр*
Жаратқан Ийеге үмит еткенлер
Сион таўына уқсайды,
Ҳеш қашан шайқалмай, мәңги
беккем турады.
2 Таўлар Ерусалимди қоршап
турғанындай,
Ҳәзирден мәңгиге дейин,
Жаратқан Ийе Өз халқын
қоршап турыпты.

3 Шынында, жаўыз патшаның
бийлик ҳасасы,
Ҳақлардың үлесине тийген
жерде мәңги турмайды,
Болмаса, ҳақлар надурыс
ислерге қол урар еди.

4 Жақсылық қыл, Жаратқан Ийе,
Жақсыларға, жүреги пәк
болғанларға.
5 Ал надурыс жолларға
түскенлерди,
Жаўызлар менен бирге қосып
шығарып жибер.

Израилға тынышлық болсын!

**125** 1 *Ибадатханаға баратырғанда айтылатуғын жыр*
Жаратқан Ийе Сионның
абаданшылығын және
қайтарғанда,
Түс көрип атырған адамға
уқсаған едик.
2 Аўзымыз күлкиге,
Тиллеримиз шадлық
шаўқымларына толды.
Сонда халықлар өз ара былай
дести:
«Жаратқан Ийе олар ушын
уллы ислер қылды».
3 Жаратқан Ийе бизлер ушын
уллы ислер қылды,
Бизлер қуўанышқа толдық.

4 Негеб шөлиндеги сайларды
суўға толтырғанының яңлы,
Жаратқан Ийе,
абаданшылығымызға
қайтар.
5 Көз жас төгип дән еккенлер,
Шадлық пенен зүрәәт орар.
6 Туқым қалтасын көтерип,
жылап баратырғанлар,
Шадланып, дән баўларын алып
қайтар.

## 126

1 *Ибадатханаға баратырғанда айтылатуғын Сулайманның жыры*

Егер Жаратқан Ийе үйди
қурмаса,
Қурылысшылар бийкарға
мийнет қылар.
Егер Жаратқан Ийе қаланы
қорғамаса,
Гүзетши бийкарға қараўыллар.
2 Бийкарға ерте турып, кеш
жатасыз,
Аўқат табыў ушын көп мийнет
етесиз.
Жаратқан Ийе Өз сүйгенлериниң
мүтәжликлерин,
Уйықлағанда да тәмийинлейди.

3 Балалар Жаратқан Ийениң
сыйы,
Перзентлер Оннан берилген
саўға.
4 Жас ўақтында туўылған уллар,
Жаўынгердиң қолындағы
оқлардай болар.
5 Қандай бахытлы оқ қалтасы
толы адам!
Қала дәрўазасында душпаны
менен даўласқанда,
Ол шерменде болып қалмайды.

## 127

1 *Ибадатханаға баратырғанда айтылатуғын жыр*

Қандай бахытлы Жаратқан
Ийеден қорқатуғынлар,
Оның жоллары менен
жүретуғынлар!

2 Еткен мийнетиңниң жемисин
жейсең,
Бахытлы болып, абадан турмыс
кеширесең.
3 Ҳаялың үйиңде жемисли бир
жүзим путасындай,
Балаларың дастурхан
дөгерегинде зәйтүн
нәлшесиндей болады.
4 Жаратқан Ийеден қорқатуғын
адам,
Мине, усылай жарылқанады.

5 Жаратқан Ийе сени Сионнан
жарылқасын!
Пүткил өмириң бойы,
Ерусалимниң табысқа
ерискенин көресең!
6 Балаларыңның балаларын
көресең!

Израилға тынышлық болсын!

## 128

1 *Ибадатханаға баратырғанда айтылатуғын жыр*

«Душпанларым жаслығымнан
мени көп жәбирледи»,
Израил былай деп айтсын,
2 «Аўа, олар жаслығымнан мени
көп жәбирледи,
Бирақ мени жеңе алмады.
3 Жер айдаўшылар арқамда қос
айдады,
Узын қарықтай етип, из
қалдырды.

4 Бирақ Жаратқан Ийе әдилдур,
Қырқып таслады жаўызлардың
арқанларын».

5 Сионды жек көретуғынлардың
ҳәммеси,
Шерменде болып, артқа
шегинсин.
6 Олар өспей атырып, қуўрап
қалатуғын,
Там үстиндеги шөпке уқсап
қалсын.
7 Буған орақшылардың қысымы
толмайды,
Баўлаўшылардың қушағы
толмайды.
8 Сонда жолдан өткен-кеткенлер:
«Жаратқан Ийе сизлерди
жарылқасын,
Жаратқан Ийениң аты
менен сизлерге ақ пәтия
беремиз», – деп айтпайды.

# 129

1 *Ибадатханаға баратырғанда айтылатуғын жыр*

Түпсизликтен Сени шақыраман,
Жаратқан Ийе,
2 Ийе, даўысымды есит,
Жалбарыныўыма дыққат етип,
қулақ сал!

3 Егер Сен, Жаратқан Ийе,
гүналарды есапқа
алғаныңда,
Ким Сениң алдында тура
алады, Ийе?
4 Бирақ Сен кеширимлисең,
Соның ушын, Сеннен қорқамыз.

5 Жаратқан Ийеге интизарман,
Жаным Жаратқан Ийеге
интизар,
Үмит байлайман Оның сөзине.
6 Таңды күткен сақшылардан
көбирек,
Аўа, таңды күткен сақшылардан
да көбирек,
Жаным Ийени күтеди.

7 Ҳәй, Израил, Жаратқан Ийеге
үмит байла!
Жаратқан Ийеде
сүйиспеншилик бар,
Ол азатлық бериўге жүдә
уқыплы.
8 Израилды барлық гүналарынан,
Азат ететуғын Оның Өзидур.

# 130

1 *Ибадатханаға баратырғанда айтылатуғын Даўыттың жыры*

Жаратқан Ийе, жүрегимде
менменлик жоқ,
Көзим тәкаббирлик пенен
қарамайды,
Уллы servicesислер менен,
Ақылым жетпейтуғын ислер
менен өзимди бәнт
қылмайман.
2 Бала анасының баўырында
тынышланғанындай,
Мен де жеңил тартып,
тынышландым.
Аўа, тынышланған баладай
жаным жай тапты.

3 Ҳәй, Израил, бүгиннен баслап
мәңгиге,
Жаратқан Ийеге үмит байла!

# 131

1 *Ибадатханаға баратырғанда айтылатуғын жыр*

Жаратқан Ийе, есле Даўытты,
Оның көрген барлық
қыйыншылықларын.

2 Ол Саған ант ишкен еди,
Яқыптың Күшли Қудайы,
Ол Саған ўәде берген еди:
3 «Мен кирмеймен үйиме,
Жатпайман төсегиме,
4 Көзлериме уйқы бермеймен,
Қабақларымның жумылыўына
жол қоймайман,
5 Жаратқан Ийеге бир орын,
Яқыптың Күшли Қудайына бир
мәкан салмағанша!»

6 Келисим сандығының Эфратада
екенин еситтик,
Бизлер оны Яар далаларынан
таптық.
7 «Жаратқан Ийениң мәканына
барайық,
Оның аяқ қойғышының
алдында сыйынайық», –
дедик.

8 Көтерил, Жаратқан Ийе, Өз
мәканыңа,
Қудиретиңниң белгиси болған
сандығың менен бирге.
9 Руўханийлериң әдилликке
бүркенип алсын,
Садық қулларың шадланып
бақырыссын.

10 Қулың Даўыт ушын,
Өз майлағаныңнан ўаз кешпе.
11 Жаратқан Ийе, Сен Даўытқа
ант ишкен едиң,
Сен усы антыңнан ҳасла
қайтпайсаң:
«Урпағыңнан, улларыңнан бирин,
Сениң тахтыңа отырғызаман.
12 Егер улларың келисимиме әмел
қылса,
Оларға үйреткен
қағыйдаларымды орынласа,
Олардың балалары да мәңгиге,
Сениң тахтыңа отырады».

13 Жаратқан Ийе Сионды таңлады,
Онда Өзи жасаўды қәледи.
14 Ол былай деди:
«Мениң мәңги мәканым усы,
Усы жерге орналасаман, буны
Өзим қәледим.
15 Ол жердиң азық-аўқатын
берекетлеймен,
Ондағы жарлыларды
тойдыраман.
16 Қутқарылыўға бөлеймен
руўханийлерди,
Маған садықлар шадланып
бақырады.
17 Ол жерде Даўыт урпағынан бир
күшли патша шығараман,
Өзим майлаған патшаның
шырағын сөндирмеймен.
18 Душпанларын шерменделикке
бүркеймен,
Ал оның басындағы таж
жарқырап тура береди».

## 132

1 *Ибадатханаға баратырғанда айтылатуғын Даўыттың жыры*
Қандай жақсы, қандай
жағымлы,
Туўысқанлар биргеликте
жасаса!
2 Бул – басқа қуйылған баҳалы
майға уқсайды,
Сақаллар бойлап, Харонның
сақаллары бойлап,
Кийимлериниң жағасына
ағып баратырған майға
мегзейди.
3 Сион таўларына түскен,
Хермон таўының шығы
сыяқлы,

Жаратқан Ийе Сионнан Өз
берекетин,
Ҳәм мәңгилик өмирин берди.

## 133

1 *Ибадатханаға баратырғанда айтылатуғын жыр*

Ҳәй, сизлер, Жаратқан Ийениң
барлық қуллары,
Жаратқан Ийениң Үйинде
түни менен хызмет етип
атырғанлар,
Оған алғыс-мақтаўлар айтың!
2 Қолларыңызды Мухаддес
орынға қарай созып,
Жаратқан Ийеге алғыс-
мақтаўлар айтың!

3 Аспан ҳәм жерди дөреткен
Жаратқан Ийе,
Жарылқасын сени Сионнан.

## 134

1 Ҳалилуйя!

Жаратқан Ийениң атына
алғыс-мақтаўлар айтың!
Жаратқан Ийениң қуллары,
алғыс-мақтаўлар айтың,
2 Ҳәй, сизлер, Жаратқан Ийениң
Үйинде,
Қудайымыздың Үйиниң
ҳәўлисинде хызмет
қылатуғынлар!
3 Жаратқан Ийеге алғыс-
мақтаўлар айтың,
Жаратқан Ийе – ийгиликли.
Оның атына арнап, саз шертип,
алғыс айтың,
Оның аты сүйкимли.
4 Жаратқан Ийе Өзиники етип
Яқып урпағын,
Өз ғәзийнеси етип Израилды
таңлады.

5 Билемен, Жаратқан Ийе
уллыдур,
Ийемиз барлық қудайлардан
мәртебелидур.
6 Көклерде, жер жүзинде,
Теңизлерде, пүткил
түпсизликлерде,
Жаратқан Ийе нени қәлесе,
соны ислейди.
7 Жер жүзиниң шетинен
бултларды көтерер,
Жаўын ушын шақмақ
шақтырар,
Телеклеринен самал естирер.

8 Мысырда биринши
туўылғанларды,
Адамлардан баслап
ҳайўанларға дейин
өлтирди[a].
9 Фараон ҳәм оның
хызметкерлерине қарсы,
Мысырдың ортасында
белгилер ҳәм кәраматлар
көрсетти[b].
10 Ол көп миллетлерди қырып
таслады,
Қудиретли патшаларды
өлтирди:
11 Амор патшасы Сихонды,
Башан патшасы Огты,
Пүткил Қанан
патшалықларын[c].
12 Олардың жерлерин мүлик етип,

---

a **134:8** Шығ 12:29-30.
b **134:9** Шығ 7:8–11:10.
c **134:11** Сан 21:21-35; Нзм 2:24–3:11.

Аўа, мүлик етип халқы
Израилға берди.

13 Жаратқан Ийе, Сениң атың
мәңги турады,
Әўладтан-әўладқа Сени
шақырады.
14 Жаратқан Ийе халқын қорғап,
Қулларына рехим қылады.

15 Халықлардың бутлары гүмис
ҳәм алтыннан,
Адамның қоллары менен
соғылған.
16 Аўызлары бар, сөйлемейди,
Көзлери бар, көрмейди,
17 Қулақлары бар, еситпейди,
Ҳәттеки, дем ала алмайды.
18 Оларды соққан, оларға
исенгенлердиң ҳәммеси,
Солар сыяқлы болып қалады!

19 Ҳәй, Израил халқы, Жаратқан
Ийеге алғыслар айтың!
Ҳәй, Харон урпағы, Жаратқан
Ийеге алғыслар айтың!
20 Ҳәй, Лебий урпағы, Жаратқан
Ийеге алғыслар айтың!
Ҳәй, Жаратқан Ийеден
қорқатуғынлар, Оған
алғыслар айтың!
21 Ерусалимде орналасқан
Жаратқан Ийеге,
Сионда алғыслар болсын!

Ҳалилуйя!

# 135

1 Жаратқан Ийени
тәрийиплең, Ол ийги-
ликли,
Садықлығы мәңги даўам етеди.
2 Алғыс айтың қудайлар
Қудайына,
Садықлығы мәңги даўам етеди.
3 Миннетдаршылық билдириң
ийелер Ийесине,
Садықлығы мәңги даўам етеди.

4 Жалғыз Ол кәраматлы ислер
ислейди,
Садықлығы мәңги даўам етеди.
5 Даналық пенен көклерди
жаратты,
Садықлығы мәңги даўам етеди.
6 Жерди суўлар үстине орнатты,
Садықлығы мәңги даўам етеди.
7 Уллы жақтылықларды
жаратты,
Садықлығы мәңги даўам етеди.
8 Күндизди басқарыў ушын
қуяшты жаратты,
Садықлығы мәңги даўам етеди.
9 Түнди басқарыў ушын ай ҳәм
жулдызларды жаратты,
Садықлығы мәңги даўам етеди.

10 Мысырдың биринши
туўылғанларын өлтирди[a],
Садықлығы мәңги даўам етеди.
11 Израилды Мысырдан алып
шықты[b],
Садықлығы мәңги даўам етеди.
12 Буны күшли ҳәм қүдиретли
қолын созып, жүзеге
асырды,
Садықлығы мәңги даўам етеди.
13 Қызыл теңизди екиге бөлди,
Садықлығы мәңги даўам етеди.
14 Израилды теңиздиң ортасы
менен алып өтти,

---

a **135:10** Шығ 12:29-30.
b **135:11** Шығ 6:6; 13:3-4.

Садықлығы мәңги даўам етеди.
15 Фараон ҳәм оның ләшкерлерин,
Қызыл теңизге батырып
жиберди[a],
Садықлығы мәңги даўам етеди.
16 Өз халқын шөл арқалы алып
жүрди,
Садықлығы мәңги даўам етеди.
17 Уллы патшаларды қыйратты,
Садықлығы мәңги даўам етеди.
18 Қүдиретли патшаларды жоқ
қылды,
Садықлығы мәңги даўам етеди.
19 Амор патшасы Сихонды
өлтирди,
Садықлығы мәңги даўам етеди.
20 Башан патшасы Огты өлтирди[b],
Садықлығы мәңги даўам етеди.
21 Олардың жерлерин мүлик
қылып берди,
Садықлығы мәңги даўам етеди.
22 Қулы Израилға мүлик қылып
берди,
Садықлығы мәңги даўам етеди.

23 Жағдайымыз төменлегенде,
бизлерди еследи,
Садықлығы мәңги даўам етеди.
24 Жаўларымыздан бизлерди
қутқарды,
Садықлығы мәңги даўам етеди.
25 Барлық жанзатларды
азықландырады,
Садықлығы мәңги даўам етеди.

26 Алғыс айтың көклердиң
Қудайына,
Садықлығы мәңги даўам етеди.

# 136

1 Бабилондағы
дәрьялардың бойында
отырып,
Сионды еслеп, жыладық.
2 Дөгеректеги талларға,
Лираларымызды илдирип
қойдық.
3 Ол жерде тутқынға алғанлар
бизлерден жыр
айтыўымызды,
Бизлерге зулымлық қылғанлар
шадлық қосығын талап
етип:
«Сион қосықларынан
айтыңлар», – деди.

4 Бөтен журтта жүргенимизде,
Қалай Жаратқан Ийениң
қосығын айта аламыз?
5 Ҳәй, Ерусалим, егер сени
умытсам,
Қолым саз шерте алмай
қалсын.
6 Егер мен сени еслемесем,
Ерусалимди ең үлкен
шадлығымнан үстем
қоймасам,
Тилим қосық айта алмай
қалсын.

7 Ерусалим қулаған күни,
Эдомлылардың не ислегенин
есле, Жаратқан Ийе.
Олар: «Қулатың, тийкарына
дейин жығып таслаң
оны!» – деген еди.

8 Ҳәй, қыз Бабилон, сен ўайран
етилесең,
Бизлерге не қылған болсаң,

---

a **135:13-15** Шығ 14:1-31.
b **135:19-20** Шығ 21:21-35; Нзм 2:24–3:11.

Соны сениң басыңа
салатуғынлар қандай
бахытлы!
9 Бөпелеринди услап алып,
Тасқа урып, шыл-пәрше
қылатуғынлар қандай
бахытлы!

# 137

1 *Даўыттың жыры*
Шын жүректен Саған
миннетдаршылық
билдиремен, Жаратқан
Ийе,
Иләҳий барлықлар алдында
Саған саз шертип,
алғыслар айтаман.
2 Мухаддес Ибадатханаң алдында
тәжим қыламан,
Сүйиспеншилигиң ҳәм
садықлығың ушын,
Сениң атыңа миннетдаршылық
билдиремен.
Өз атыңды ҳәм сөзинди ҳәмме
нәрседен жоқары қойдың.
3 Шақырғанымда, маған жуўап
бердиң,
Мени жигерлендирип,
жүрегимди батыр қылдың.

4 Алғысласын Сени, Жаратқан
Ийе, жер жүзиндеги
патшалардың ҳәммеси,
Олар аўзыңнан шыққан
сөзлерди еситти,
5 Ислеген ислеринди қосық
қылып айтсын,
Сен уллы даңққа бөленгенсең.

6 Жаратқан Ийе, Сен жоқарыда
болсаң да,
Кишипейил адамларға нәзер
аўдарасаң,
Менменлерди узақтан билесең.
7 Қыйын жағдайда жүрсем де,
жанымды аман сақлайсаң,
Душпанларымның ғәзебине
қарсы қол көтересең,
Оң қолың мени қутқарады.
8 Мен ушын өш аласаң.
Сүйиспеншилигиң мәңгидур,
Жаратқан Ийе,
Өзиң жаратқанларды таслап
кетпе!

# 138

1 *Атқарыўшылардың
жетекшисине. Даўыт-
тың жыры*
О, Жаратқан Ийе, мени
тексердиң ҳәм мени
билесең,
2 Қашан отырып, қашан
туратуғынымды билесең,
Нийетимди узақтан түсинип
турасаң.
3 Жүрсем де, жатсам да, мени
тексересең,
Хабарың бар барлық
жолларымнан.
4 Аўзымнан еле бир сөз де
шықпай турып,
Не айтажағымды Сен толық
билесең, Жаратқан Ийе.
5 Мени алды-артымнан орап
алғансаң,
Қолыңды үстиме қойғансаң.
6 Усы даналығың мен ушын жүдә
әжайыпдур,
Дым бәлент, оны түсинип жете
алмайман.

7 Сениң Руўхыңнан қаяққа қаша
аламан?
Сениң дәргайыңнан қаяққа
кете аламан?
8 Көклерге шықсам, Сен сол
жерде барсаң,

Өлилер мәканына түссем, Сен
ол жерде де барсаң.
9 Таңның қанатларына минип
ушсам,
Теңиздиң арғы жағасына қонсам,
10 Ол жерде де қолың мени
жетелер,
Оң қолың мени услап турар.
11 Егер: «Қараңғылық мени
қапласын,
Әтирапымдағы жақтылық
түнге айлансын», – десем,
12 Қараңғылық Сен ушын қараңғы
емес,
Түн күндиздей жақты,
Қараңғылық та, жақты да, Сен
ушын бирдей.

13 Сен мениң жан-тәнимди
жараттың,
Анамның қурсағында мени
дөреттиң.
14 Саған алғыс айтаман,
Мен таң қаларлық ҳәм әжайып
етип жаратылғанман.
Сениң ислериң әжайып,
Буны жүдә жақсы билемен.
15 Жасырын жерде
жаратылғанымда,
Жердиң түбинде
дөретилгенимде,
Сүйеклерим Сеннен жасырын
емес еди.
16 Қурсаққа түскен ўақтымнан-
ақ мени Сениң көзлериң
көрди,
Маған ажыратылған күнлердиң
еле ҳеш бири келместен
бурын,
Ҳәммеси Сениң китабыңа
жазылған еди.
17 Мен ҳаққында нийетлериң
қаншелли сырлы, Қудай,
Олардың есап-саны жүдә көп!
18 Егер санасам, олар қумнан да көп,
Оянғанымда, мен еле Сениң
менен биргемен.

19 Қәне енди, жаўызларды
өлтирсең, Қудай!
Қанхорлар, меннен узақласың!
20 Олар Сен арқалы ант ишип, сум
жоба дүзеди,
Душпанларың Сениң атың
менен жалған ант ишеди.
21 Жаратқан Ийе, Сени жек
көргенлерди қалай жаман
көрмейин?
Саған қарсы шыққанлардан
қалай жеркенбейин?
22 Мен оларды пүткиллей жек
көремен,
Оларды өзимниң душпаным
деп есаплайман.

23 Қудай, мени тексерип,
жүрегимди бил,
Мени сынап көр ҳәм
пиклерлеримди бил.
24 Қара, қәўипли жолда жүрген
жоқпан ба?
Мени Өзиң мәңгилик жолына
жетеле!

# 139

1 *Атқарыўшылардың жетекшисине. Даўыттың жыры*

2 Жаратқан Ийе, мени
жаўызлардан қутқар,
Залымлардан қорға.
3 Олар жүреклеринде жаўыз жоба
дүзеди,
Бәрқулла урыс-жәнжел
қозғайды.
4 Тиллерин жыланның тилиндей
өткир қылар,

Аўызларында жылан зәҳәри
бар. Селаҳ

5 Жаратқан Ийе, мени жаманның
қолынан сақла,
Залымнан қорға.
Олар аяғымнан шалып, мени
қулатпақшы.
6 Менменлер мен ушын дузақ
қурды,
Жаўызлар жолыма тор таслады,
Олар маған қақпан қойды.
Селаҳ

7 Жаратқан Ийе, Саған былай
деп айтаман:
«Қудайым – Сенсең,
Жалбарыныўыма қулақ сал,
Жаратқан Ийе.
8 Қудай Ийе, қүдиретли
қутқарыўшым,
Саўаш күни Сен басымды аман
сақладың.
9 Жаўызлардың тилеклерин
орынлама, Жаратқан Ийе,
Дүзген жобаларын табыслы
қылма,
Болмаса, олар көкиреклерин
көтерип кетеди». Селаҳ

10 Мени қоршап алғанлардың
аўызларынан шыққан
зулымлықлар,
Өзлериниң басына түссин.
11 Көмир шоғы жаўсын
үстилерине!
Олар отқа, түпсиз шуқырларға
ылақтырылсын,
Ҳасла қайтып шықпасын.
12 Жалахорларға жер жүзинде
ҳасла орын қалмасын,
Апат залымның изине түсип,
жоқ қылсын.
13 Билемен, Жаратқан Ийе, Сен
езилгенниң ҳуқықын
қорғайсаң,
Жарлыларға әдалатлық
қыласаң.
14 Аўа, пәк адамлар атыңа алғыс
айтады,
Ҳақлар Сениң дәргайыңда
жасайды.

# 140

1 *Даўыттың жыры*
Сени шақыраман,
Жаратқан Ийе, жәрдемге
асық!
Сени шақырғанымда,
даўысыма қулақ сал!
2 Дуўам хош ийисли түтеткидей
алдыңа жетип барсын,
Көтерген қолларым кешки
садақа сыяқлы болсын!

3 Аўзыма қараўыл қой, Жаратқан
Ийе,
Еринлеримниң есигин қорға.
4 Жүрегим жаманлыққа аўып
кетпесин,
Жаўыз адамлардың гүналы
ислерине қатнаспайын,
Олардың мазалы аўқатларынан
жемейин.

5 Пәк адам мени жазаласын – бул
жақсылық,
Әшкараласын – бул басыма
сүртилген май.
Дуўам жаўызлардың ислерине
пүткиллей қарсыдур.
6 Олардың басшылары жартастан
ылақтырылады,
Сонда наҳақлар сөзлеримниң
дурыс екенин билип алады.
7 Сүриўши жерди жарып,
сүргениндей,

Сүйеклеримимиз өлилер
мәканының аўзында
шашылды.
8 Көзлерим Сенде, Қудай Ийе,
Сени паналайман, жанымды
қорғаўсыз қалдырма!
9 Жаўызлардың мен ушын қурған
дузақларынан,
Олар қойған қақпанлардан
мени сақла.
10 Жаўызлар өзлери қойған
дузаққа өзлери түссин,
Ал мен аман-есен өтип
кетейин.

## 141

1 *Үңгирде болған ўақытта,*[a] *Даўыттың айтқан нәсият жыры. Дуўа*
Даўыслап дад саламан
Жаратқан Ийеге,
Даўыслап жалбарынаман
Жаратқан Ийеге.

2 Оған дәртлеримди төгемен,
Оның алдында қайғыларымды
баян етемен.
3 Руўхым түскенде,
Жүрер жолымды Сен билесең.
Мен жүретуғын соқпақларда,
Жаўларым дузақ қойған.
4 Оң жағыма қарап көр,
Ҳеш ким мени ойламайды,
Паналайтуғын жерим қалмады,
Ҳеш ким мени қайғырмайды.

5 Саған жалбарынаман,
Жаратқан Ийе,
«Сен мениң панамсаң,
Тирилер әлеминде үлесим
Өзиңсең», – деп
жалбарынаман.
6 Дадыма қулақ сал,
Мен жүдә ҳәлсиредим.
Изиме түскенлерден қутқар
мени,
Олар меннен күшлирек.
7 Шығарып ал жанымды
қамақтан,
Солай етип, атыңа алғыс
айтайын.
Әтирапымды ҳақ адамлар
қоршайды,
Себеби Сен маған жақсылық
қыласаң.

## 142

1 *Даўыттың жыры*
Жаратқан Ийе, дуўамды
есит,
Жалбарыныўыма қулақ сал!
Сен садық ҳәм әдалатлысаң,
жуўап бер маған!
2 Өз қулың менен даўласпа,
Тирилердиң ҳеш бири Сениң
алдында минсиз болмас.

3 Душпанларым мени қуўғын
қылды,
Өмиримди жер менен жексен
қылды.
Әзелде әлемнен өткенлер
сыяқлы,
Мени қараңғылықта жасаўға
мәжбүрледи.
4 Соның ушын, руўхым түсти,
Жүрегим суўлап кетти.

5 Өткен күнлерди еслеймен,
Сениң барлық ислериң
ҳаққында ой жуўыртаман,
Қолларыңның ислери
ҳаққында пикир
жүритемен.

---

a **141:1** 1Пат 22:1-2; 24:1-22.

6 Қолларымды Саған созаман,
Кеўип қалған топырақ яңлы,
жаным Саған шөллейди.
Селаҳ

7 Тез жуўап бер маған, Жаратқан
Ийе,
Руўхым түсип кетти.
Қәбирге кирген өлилердей
болып қалмаўым ушын,
Меннен жүзиңди жасырма.
8 Азанда сүйиспеншилигиңди
маған еситтир,
Өйткени мен Саған исенемен,
Жүретуғын жолымды Өзиң
көрсет,
Жүрегимди ашаман Саған.

9 Душпанларымнан қутқар мени,
Жаратқан Ийе,
Сеннен пана табаман.
10 Еркиңди орынлаўды маған үйрет,
Сен мениң Қудайымсаң,
Сениң ийгиликли Руўхың,
Тегис жолдан мени жетелесин!

11 Жаратқан Ийе, Өз атың ушын
жанымды сақла,
Сен әдалатлысаң, мени апаттан
қутқар.
12 Сүйиспеншилигиң ҳақы
душпанларымды жоқ қыл,
Жанымда қасты барлардың
ҳәммесин қырып тасла,
Мен Сениң қулыңман.

# 143

1 *Даўыттың жыры*
Қолларымды урысқа,
Бармақларымды саўашқа
үйреткен,
Қорғаўшы жартасым болған
Жаратқан Ийеге алғыслар
болсын!
2 Ол мени сүйеди, Ол мениң
қорғаным,
Бекинисим ҳәм қутқарыўшым,
Ол мениң қалқаным ҳәм панам,
Халықларды Ол маған
бойсындырады.

3 Жаратқан Ийе, Сен ғамхорлық
қылғандай, инсан ким
болыпты?
Сен нәзериңди салғандай, адам
баласы ким болыпты?
4 Инсан бир дем сыяқлы,
Адамзаттың өмири өткинши
бир көлеңке яңлы.

5 Жаратқан Ийе, көклерди ашып,
төменге түс,
Таўларға қол тийгиз, олардан
түтин шықсын.
6 Шақмақ шақтырып, жаўларды
шашып тасла,
Оқларыңды атып, оларды
албырат.
7 Жоқарыдан қолыңды созып,
қутқар мени,
Терең суўлардан шығарып ал
мени,
Жат журтлылардың қолынан
азат ет.
8 Олардың аўзы жалғанға толы,
Оң қолларын көтерип, өтирик
ант ишеди.

9 Қудай, Саған жаңа қосық айтаман,
Он тарлы арфа шертип, Сени
алғыслайман.
10 Патшаларға Сен жеңис
сыйлайсаң,
Қулың Даўытты қылыштан
қутқарасаң.
11 Жат жерлилердиң қолынан,
Мени қутқарып, азат қыл.

Олардың аўзы жалғанға толы,
Оң қолларын көтерип, өтирик
ант ишеди.

12 Улларымыз жаслығында жақсы
өскен өсимликке уқсасын,
Қызларымыз сарайдың нағыслы
сүтинлери сыяқлы болсын.
13 Телеклеримиз түрли азық-
аўқатларға толып тассын.
Қойларымыз мыңлап, он
мыңлап көбейип,
Жайлаўларымызды толтырсын,
14 Өгизлеримиз семиз болсын.
Қорғанларымыз ҳеш қашан
тесилмесин,
Адамларымыз сүргин
қылынбасын,
Көшелеримизде зар жылаған
даўыс шықпасын!

15 Усындай тилеклери әмелге
асқан халық қандай
бахытлы!
Қудайы Жаратқан Ийе болған
халық қандай бахытлы!

# 144

1 *Даўыттың айтқан алғыс-мақтаўы*
Қудайым, Патша, Сени
уллылайман,
Атыңды мәңги-бақый
алғыслайман.
2 Сени ҳәр күни алғыслайман,
Атыңды мәңги-бақый даңққа
бөлеймен.

3 Жаратқан Ийе уллы, Ол
мақтаўға жүдә ылайықлы,
Оның уллылығына ақыл
жетпес.
4 Ислериңди бир әўлад екинши
әўладқа мақтап жеткизеди,
Қүдиретли ислериңди айтып
береди.
5 Сениң салтанатлы уллылығың,
Әжайып ислериң ҳаққында ой
жуўыртаман.
6 Адамлар таң қаларлық
ислериңниң қүдирети
ҳаққында айтады,
Мен жәриялайман уллы
ислериңди!
7 Адамлар уллы ийгилигиң
ҳаққында баян етеди,
Әдалатлығыңды жәриялап,
шадланып бақырады.

8 Жаратқан Ийе мийримли ҳәм
реҳимли,
Сабыр-тақатлы ҳәм
сүйиспеншилиги мол.
9 Жаратқан Ийе ҳәммеге
ийгиликли,
Жаратқанларының ҳәммесине
реҳимли.

10 Барлық жаратқанларың Сени
алғыслайды, Жаратқан
Ийе,
Садық қулларың Саған алғыс-
мақтаўлар айтады.
11 Олар патшалығыңның
уллылығы ҳаққында сөйлеп,
Күш-қүдиретиң туўрысында
айтып береди.
12 Солай етип, ҳәмме Сениң күш-
қүдиретиңди,
Патшалығыңның уллы даңқын
биледи.
13 Сениң патшалығың – мәңги
патшалық болар,
Ҳүкимдарлығың әўладтан-
әўладқа даўам етер. *
14 Жаратқан Ийе жығылғанларға
сүйениш болады,

Еки бүгилгенлердиң қәддин
туўрылайды.

15 Ҳәмме үмит етип, Саған
қарайды,
Өз ўақтында олардың
ырысқысын бересең.
16 Сен қолыңды ашып,
Пүткил жанзатларды
қәлегенинше тойдырасаң.
17 Жаратқан Ийе барлық
жолларында әдил,
Ислеген барлық ислеринде
сүйиспеншилигин
көрсетеди.
18 Жаратқан Ийе Өзин
шақырғанларға,
Шын кеўилден шақырғанларға
жақын болады.
19 Өзинен қорққанлардың тилегин
береди,
Наласын еситип, оларды
қутқарады.
20 Жаратқан Ийе Өзин
сүйгенлердиң ҳәр бирин
қорғайды,
Жаўызлардың ҳәммесин жоқ
етеди.

21 Аўзым Жаратқан Ийеге
алғыслар айтсын!
Пүткил жанзатлар Оның
мухаддес атына,
Мәңги-бақый алғыс-мақтаўлар
айтсын.

# 145

1 Ҳалилуйя!

Ҳәй, жаным, Жаратқан Ийеге
алғыс-мақтаўлар айт.
2 Тири екенмен, Жаратқан
Ийеге алғыс-мақтаўлар
айтаман,
Бар екенмен, Қудайыма саз
шертип, Оған алғыс айтаман.

3 Үмит байламаң ақсүйеклерге,
Сизлерди қутқара алмайтуғын
инсанларға.
4 Олардың деми таўысылып,
топыраққа қайтар,
Сол күни-ақ, ой-нийети жоқ болар.

5 Қандай бахытлы жәрдемшиси
Яқыптың Қудайы болған
инсанлар,
Үмити Қудайы Жаратқан Ийеде
болғанлар!
6 Аспанды, жерди, теңизди,
Ҳәм олардағы пүткил
барлықты жаратқан,
Мәңгиге садық болған,
7 Езилгенлерге әдалатлық
қылатуғын,
Аш болғанларға нан беретуғын
Ол болады.

Жаратқан Ийе тутқынларды
азат қылады,
8 Соқырлардың көзин ашады,
Еки бүгилгенлердиң қәддин
тиклейди,
Ҳақ адамларды сүйеди.
9 Жаратқан Ийе келгиндилерди
қорғайды,
Жетим-жесирлерди қоллап
қуўатлайды,
Жаўызларды жолларынан
адастырады.

10 Ҳүкимдарлық қылады
Жаратқан Ийе мәңгиге,
Сион, сениң Қудайың ҳүкимдар
болады әўладтан-әўладқа.

Ҳалилуйя!

# 146

1 Ҳалилуйя!
Қандай жақсы саз шертип,
Қудайымызды алғыславў!
Қандай ләззетли ҳәм
жарасықлы Оған алғыс-
мақтаў айтыў.

2 Ерусалимди қайтадан
тиклейтуғын Жаратқан
Ийе болады.
Израилдың айдап
әкетилгенлерин жыйнап
алады.
3 Ол жаралы жүреклерге шыпа
береди,
Олардың жараларын таңады.
4 Ол жулдызлардың санын
есаплайды,
Олардың ҳәммесине ат қояды.
5 Ийемиз уллы ҳәм қүдирети
күшли,
Шексиздур Оның даналығы.
6 Езилгенлерди аяққа
турғызатуғын Жаратқан
Ийе болады,
Жаўызларды жер менен жексен
қылады.

7 Жаратқан Ийеге шүкирлик
жырларын айтың,
Қудайымызды лира шертип
алғыслаң.
8 Ол көклерди бултлар менен
қаплайды,
Жер жүзин жаўын менен
тәмийинлейди,
Таўларда от-шөп өсиреди.
9 Ол азық береди ҳайўанларға,
Ғарқылдаған ғарғаның
палапанларына.
10 Ол аттың күшине
заўықланбайды,
Жаўынгердиң күшли
аяқларынан
ләззетленбейди.
11 Жаратқан Ийе Өзинен
қорққанларға,
Сүйиспеншилигине үмит
байлағанларға ырза
болады.

# 147

1 Жаратқан Ийени
даңққа бөле, ҳәй, Еру-
салим!
Қудайыңа алғыслар айт, ҳәй,
Сион!
2 Дәрўазаларыңның тәмбилерин
Ол беккемлейди,
Ишиндеги балаларыңды
жарылқайды.
3 Елиңе тынышлық береди,
Сени ең жақсы бийдай менен
тойдырады.

4 Жер жүзине Өз буйрығын
жибереди,
Оның айтқан сөзи тез
жайылады.
5 Мамықтай етип қар жаўдырады,
Қыраўды күл киби шашады.
6 Буршақты усақтай етип
жаўдырады,
Оның қақаман аязына ким
шыдай алады?
7 Өзи буйрық берип, музларды
еритеди,
Самалды естирип, суўларды
ағызады.

8 Буйрықларын Яқыптың
урпағына,
Қағыйда ҳәм нызамларын
Израилға билдирди.
9 Бундай қылмады басқа
халықларға,

Олар Оның нызамларын
билмейди.

Ҳалилуйя!

# 148

1 Ҳалилуйя!
Көклерден Жаратқан Ийеге
алғыслар айтың,
Бийик аспанда Оған алғыслар
айтың!
2 Оның барлық периштелери,
Оған алғыслар айтың,
Алғыслар айтың Оған, ҳәй,
пүткил аспан ләшкерлери!
3 Қуяш, ай, Оған алғыслар айтың,
Алғыслар айтың Оған, ҳәй,
жарқыраған барлық
жулдызлар!
4 Аспанлар аспаны,
Көклер үстиндеги суўлар,
Оған алғыслар айтың!

5 Булар Жаратқан Ийениң атына
алғыслар айтсын,
Ол буйрық бергенде, олар
пайда болды,
6 Оларды мәңги-бақый беккем
орнатты,
Бул қағыйда ҳеш қашан бийкар
қылынбайды.

7 Жер жүзинен Жаратқан Ийеге
алғыслар айтың:
Ҳәй, теңиздеги нәҳән жанзатлар,
барлық түпсиз теңизлер,
8 Шақмақ, буршақ, қар ҳәм
бултлар,
Оның буйрығына
бойсынатуғын даўыллар,
9 Таўлар, барлық төбешиклер,
Мийўе ағашлары ҳәм кедр
ағашлары,
10 Жабайы ҳайўанлар ҳәм үй
ҳайўанлары,
Жер баўырлаўшылар менен
қуслар,
11 Жер жүзиниң патшалары,
барлық халықлар,
Ақсүйеклер, жер жүзиндеги
барлық ҳүкимдарлар,
12 Жигитлер ҳәм қызлар,
Ғаррылар ҳәм жаслар!

13 Ҳәммеси Жаратқан Ийениң
атына алғыслар айтсын,
Жалғыз Оның аты уллы.
Оның уллылығы жер ҳәм
көктен бәлент.
14 Жаратқан Ийе Өз халқын күшли
қылды,
Барлық садық қулларының,
Өзине жақын болған халықтың,
Израил халқының даңқын
шығарды.

Ҳалилуйя!

# 149

1 Ҳалилуйя!
Жаратқан Ийеге жаңа қосық
айтың,
Садық қулларының жыйынында
Оны алғыслаң!
2 Израил өз Жаратыўшысы
себепли қуўансын,
Сион халқы өз Патшасына
шадлансын!
3 Ойынға түсип, алғыслар айтсын
Оның атына,
Дәп ҳәм лира шертип, Оған
алғыс-мақтаў қосығын
айтсын!

4 Жаратқан Ийе халқына кеўли
толады,

Кишипейиллилерге жеңис
берип, оларды даңққа
бөлейди.
5 Усы ерискен ҳүрметине
йошлансын садық қуллары,
Төсеклеринде шадланып
бақырсын!
6 Аўызларында Қудайға алғыс-
мақтаўлар болсын,
Қолларында еки жүзли қылыш
пенен,
7 Жат халықлардан өш алсын,
Халықларға жаза берсин.
8 Олардың патшаларын
шынжырлап,
Абырайлы адамларына темир
кисенлер салсын!
9 Олардың үстинен шығарылған
ҳүкимди орынласын!
Барлық садық қуллары ушын
бул ҳүрмет болар.

Ҳалилуйя!

# 150

1 Ҳалилуйя!

Мухаддес мәканында Қудайға
алғыслар айтың!
Қүдирети ушын көклерде Оған
алғыслар айтың!
2 Алғыслар айтың Оған
қүдиретли ислери ушын!
Алғыслар айтың Оған теңсиз
уллылығына жараса!

3 Кәрнай шертип, Оған алғыслар
айтың!
Арфа ҳәм лира шертип, Оған
алғыслар айтың!
4 Дәп қағып, ойынға түсип, Оған
алғыслар айтың!
Тарлы саз әсбап ҳәм сыбызғы
шертип, Оған алғыслар
айтың!
5 Кимбаллар қағып, Оған
алғыслар айтың!
Бәлент даўыслы кимбаллар
менен Оған алғыслар
айтың!
6 Мурнында деми бар барлық
тири жанлар,
Жаратқан Ийеге алғыслар
айтың!

Ҳалилуйя!

# Сулайманның ҳикметлери

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Сулайманның ҳикметлери китабы нақыл ҳәм нәсиятлар түриндеги тәрбия ҳәм диний тәлиматлардан ибарат. Бул китаптың бас авторы Израил халқының дана патшасы Сулайман болады. Китаптың базы бөлимлери Агур (30:1) ҳәм патша Лемуел (31:1) тәрепинен жазылған.

Қатарлардың көпшилигинде күнделикли өмирде ушырайтуғын машқалалар ҳаққында сөз етиледи. Бул китап «Жаратқан Ийеден қорқыў – даналықтың басы» деген дана сөзлер менен басланып (1:7), тек ғана диний ислер туўрысында емес, ал әдепикрамлық ҳәм ақыл менен қылыныўы керек болған ислер ҳаққында да нәсият бериледи. Бул ҳикметлер шаңарақ ҳәм жәмийеттеги қарым-қатнаслар, даналық пенен ис тутыў, исбилерменлик, тәрбия ҳәм Қудайға бойсыныўшылық сыяқлы темаларды өз ишине алады. Китапта мүләйимлик, сабыр-тақат, кәмбағалларды ҳүрмет етиў ҳәм досқа садықлық сыяқлы минезлемелер ҳаққында көп пикирлер айтылады.

Китаптағы көплеген ҳикметлер мазмуны бойынша бир-бирине байланыслы, ал базы ҳикметли сөзлер қысқа болып, қатарға байланыслы болмаса да, улыўмалық мәнини өзинде түсиндирип береди.

---

### Ҳикметлердиң мақсети

**1** [1] Булар Израилдың патшасы Даўыттың улы Сулайманның ҳикметлери:

2 Бул ҳикметлердиң мақсети
мынаў:
Даналықты ҳәм нәсиятты
үйретиў,
Ақыллы сөзлерди
түсиндириў;
3 Туўры жасаў қағыйдаларын,
Әдиллик, әдалатлық ҳәм
ҳадаллықты өзлестириў;
4 Садаларға терең түсиник,
Өспиримлерге билим ҳәм сана
бериў.

5 Даналар тыңлап, билимине
билим қосады,
Ақыллылар дана кеңес алады.
6 Усылайынша олар нақыл ҳәм
ҳикметлерди,

Данышпанлардың сөзлери
менен жумбақларын
түсинеди.

7 Жаратқан Ийеден қорқыў –
даналықтың басы.
Тек ақылсызлар ғана даналық
ҳәм нәсиятты жек көреди.

**Азғырыўлардан сақ бол!**

8 Балам, әкеңниң нәсиятларына
қулақ сал,
Анаң берген тәлимнен бас
тартпа!
9 Олар басыңа әжайып таж,
Мойныңа моншақ болады.
10 Балам! Егер гүнакарлар сени
азғырмақшы болса,
Оларға көнбе.
11 Егер олар: «Бизлер менен жүр,
Қан төгиў ушын буққыда
жатайық,
Себепсизден себепсиз
бийгүнаны аңлыйық.
12 Оларды өлилер мәканы киби
тирилей,
Туңғыйыққа түскенлер киби
пүтинлей жутайық.
13 Барлық қымбатбаҳа затларын
алайық,
Үйлеримизди олжаға
толтырайық.
14 Бизлер менен тәўекелге бел
байла,
Бар байлығымыз ортақ
болады», – десе,
15 Балам, олар менен жолдас
болма,
Олардың жолынан аўлақ бол!
16 Олардың аяқлары жаўызлыққа
талпынар,
Қан төгиўге асығар.
17 Ҳәтте, қуслар да,
Көз алдында қурылған аўға
түспес.
18 Ал сол адамлар өз қанын төгиў
ушын буққыда жатады,
Өзлериниң жанын өзлери
аңлыйды.
19 Ҳарам табысқа қумардың
ақыбети сондай болады,
Сол қумарлық ҳарам табыс
ийесиниң басын жалмайды.

**Даналықты тыңла!**

20 Даналық көшелерде жар салып,
Майданларда даўыслап
бақырады.
21 Шаўқымлы көшениң басында
қышқырып,
Қала дәрўазаларының кирер
аўзында өз сөзин айтады:
22 «Ҳәй, садалар! Садалығыңызды
қашанға дейин
сүймекшисиз?
Сурбетлер қашанға дейин
мазақлаўдан заўық алады?
Ақмақлар қашанға шекем
билимди жек көреди?
23 Қәне, мениң
әшкаралағанымнан
дүзелсеңиз еди!
Сизлерди руўхыма толтырып,
Сөзлеримди билдирер едим.
24 Сизлерди шақырдым, мени
тыңлаўдан бас тарттыңыз,
Қолымды создым, нәзер
аўдарған болмады.
25 Сизлер мениң барлық
кеңеслеримди
менсинбедиңиз,
Мениң әшкаралаўларымды
қабыл етпедиңиз.
26 Соның ушын мен де апатқа
ушырағаныңызда,
үстиңизден күлемен,

Ҳүрейиңиз ушқанда, мазақ
қыламан.
27 Қорқыныш даўылдай
бастырып келгенде,
Апатшылық қуйындай дүбегенде,
Қайғы ҳәм ҳәсирет басыңызға
түскенде,
28 Мени шақырасыз, мен де жуўап
бермеймен,
Мени излейсиз, бирақ
таппайсыз.
29 Өйткени сизлер билимди жек
көрдиңиз,
Жаратқан Ийеден қорқыўды
мақул көрмедиңиз.
30 Кеңеслеримди қабыл
қылмадыңыз,
Әшкаралаўларымды көзге
илмедиңиз.
31 Соның ушын, тутқан
жолыңыздың ашшы
миййўелерин жеп,
Өз сумлықларыңызға
тойынасызлар.
32 Саданың өжетлиги өзин
өлтиреди,
Ақмақтың бийғамлығы оны
қуртады.
33 Ал мени тыңлағанлар қәўипсиз
жасап,
Жаманлықтан қорқпай, тыныш
болады».

### Даналықтың қәдири

**2** 1 Балам! Егер сен сөзлеримди
қабыл қылып,
Буйрықларымды жүрегиңде
сақласаң,
2 Даналыққа қулақ түрип,
Түсиникке жүрегиңди ашсаң,
3 Егер ақыл-парасатты шақырып,
Түсиникке даўыслап
жалбарынсаң,
4 Оны гүмис киби излеп,
Көмилген ғәзийне киби
ақтарсаң,
5 Сонда сен Жаратқан Ийеден
қорқыўдың не екенин
түсинип,
Қудайдың ким екенин билесең.
6 Даналықты Жаратқан Ийе
берер,
Билим ҳәм түсиник Оның
аўзынан шығар.
7 Ол ҳақлар ушын табыс сыйлап,
Минсизлер ушын қалқан болар.
8 Ол әдалатлық жолларын қорып,
Өзине садықлардың жолларын
қорғар.
9 Сонда сен әдиллик ҳәм
әдалатлықты уғып,
Ҳадал ҳәм туўры жолдың не
екенин түсинерсең.
10 Жүрегиң даналыққа толып,
Кеўлиң билимнен заўық алар.
11 Ақыл-парасат сени аман сақлап,
Дурыс түсиник сени қорғар.
12 Даналық сени жаўызлардың
жолынан,
Жалған сөйлеўшилерден,
13 Қараңғылық жолынан жүриў
ушын,
Туўры жолды таслап
кеткенлерден,
14 Жаманлық ислеп қуўанып,
Жаўызлықтың бузғынлығынан
ләззет алатуғынлардан,
15 Терис жолға түсип,
Өз жолларынан адасқанлардан
сақлар.

16 Даналық сени бузық ҳаялдан,
Жезөкше ҳаялдың майлы
тилинен сақлар.
17 Ол жаслай қосылған күйеўин
таслап кеткен,

Қудайдың алдында дүзген
келисимин умытқан.
18 Оның үйи өлимге,
Жоллары өлилер алдына алып
барады.
19 Оған барғанлар қайтып келмес,
Өмир жолына қайта түспес.
20 Сонлықтан жақсылардың
жолынан жүр,
Әдиллердиң жолын беккем тут.
21 Ҳақлар жер бетин мәкан қылар,
Минсизлер сол жерде қалар.
22 Жаманлар жер бетинен қырып
тасланар,
Опасызлар түп-тамыры менен
жоқ қылынар.

### Жасларға мәсләҳәт

3 1 Балам, үйреткенлеримди
умытпа,
Буйрықларымды жүрегиңде
сақла!
2 Олар өмир жасыңды узайтып,
Мол тынышлық сыйлайды.
3 Сүйиспеншилик ҳәм садықлық
ҳасла сени тәрк етпесин,
Оларды мойныңа тағып,
Жүрегиңе ойып жазып қой.
4 Сонда Қудайдың ҳәм
адамлардың нәзеринде,
Мийрим ҳәм абырайға ийе
боласаң.
5 Шын жүректен Жаратқан Ийеге
үмит байла,
Өз ақыл-парасатыңа сүйенип
жүрме.
6 Ислеген ҳәр бир исиңде
Жаратқан Ийени танып
бил,
Ол сениң жолларыңды
туўрылап турар.
7 Өзиңди данышпанман деп
санама,
Жаратқан Ийеден қорқ,
жаманлықтан аўлақ жүр.
8 Бул денеңе саламатлық,
Сүйеклериңе азық болады.
9 Мал-мүлкиңнен ҳәм ҳәмме
зүрәәтиңниң дәслепки
өниминен берип,
Жаратқан Ийеге ҳүрмет көрсет.
10 Сонда телеклериң дәнге толып
тасып,
Искенжелериң таза шарапқа
толады.
11 Балам, Жаратқан Ийениң
тәрбиясына итибарсыз
қарама,
Ол әшкаралағанда жүрегиңе
аўыр алма.
12 Әке жақсы көрген улын
жазалағаны сыяқлы,
Жаратқан Ийе де кимди сүйсе,
соны әшкаралайды.

### Даналықтың қуны

13 Даналықты тапқан,
Түсиникке ийе болған адам
қандай бахытлы!
14 Өйткени даналық гүмистен
қунлырақ,
Оның пайдасы алтыннан да
жоқары.
15 Даналық ҳасыл тастан да қымбат,
Қумартқан ҳеш бир нәрсең оған
тең келмес.
16 Узақ өмир оның оң қолында,
Байлық ҳәм даңқ сол қолында.
17 Даналықтың жоллары
жағымлы жоллар,
Оның барлық соқпақлары
тынышлыққа апарар.
18 Даналық – оны ийелеген адам
ушын өмир тереги,
Оны беккем услаған қандай
бахытлы!

19 Жаратқан Ийе даналық пенен
жердиң тийкарын салды,
Түсиник пенен көклерди
беккем орнатты.
20 Оның билими менен
туңғыйықтың көзлери
ашылды,
Бултлар шық түсирди.
21 Балам! Саў пикир ҳәм дурыс
түсиникти сақла,
Оларды нәзериңнен қашырма.
22 Олар жаныңа өмир,
Мойныңа әжайып моншақ
болады.
23 Сонда өмир жолында қәўипсиз
жүресең,
Аяқларың да сүрникпейди.
24 Жатқаныңда қорқпайсаң,
Уйықлағаныңда уйқың тыныш
болады.
25 Тосаттан болатуғын апаттан,
Наҳақлардың басына түсетуғын
бәледен қорқпайсаң.
26 Жаратқан Ийе сениң
сүйенишиң болып,
Аяқларыңды дузаққа түсиўден
сақлайды.

27 Қолыңнан келетуғын ўақытта,
Мүтәжлерден жәрдемиңди аяма.
28 Қолыңда бар бола тура
жақыныңа:
«Ертең кел, сонда беремен», –
деме.
29 Бийғам жаныңда жасап атырған
қоңсыңа,
Жаманлық ойлама.
30 Өзиңе жаманлық қылмаған
адам менен,
Себепсиз жәнжеллеспе.
31 Зорлық ислеўшиге ҳәўес қылма,
Оның жолларының бирде
биреўин таңлама.
32 Жаратқан Ийе
азғырыўшылардан
жеркенеди,
Ҳақ адамға жақын болады.
33 Жаратқан Ийе залымның үйин
нәлетлейди,
Әдиллердиң мәканын
жарылқайды.
34 Ол сурбетлердиң өзлерин мазақ
қылады,
Кишипейиллерге мийрим
көрсетеди.
35 Даналар даңқ-атақты,
Ақылсызлар шерменделикти
мийрас етип алады.

## Даналықтың артықмашлығы

4 1 Балаларым, әкеңиздиң нәси-
ятларына қулақ салың!
Ақыл-парасатты ийелеўге
итибар бериң.
2 Мен сизлерге жақсы тәлим
беремен,
Үйреткенлеримнен жүз
бурмаңлар.
3 Мен де әкемниң үйинде бала
болдым,
Көзиниң қарасы, анамның
жалғызы едим.
4 Әкем маған үйретип, былай дер
еди:
«Сөзлеримди жүрегиңе беккем
жайла,
Буйрықларымды орынла,
сонда жақсы жасайсаң.
5 Даналықты ҳәм ақыл-
парасатты ийеле,
Сөзлеримди умытпа, олардан
жүз бурма.
6 Даналықтан айырылма, ол сени
қорғайды,
Оны сүй, ол сени аман
сақлайды.

7 Eң баслысы – даналық,
даналықты ийеле,
Бар ийелигиңди берип болса да,
ақылға ийе бол.
8 Оны жоқары баҳала, ол сени
мәртебели қылады,
Оған жабысып алсаң, ол сени
абырайға еристиреди.
9 Даналық басыңа әжайып гүл
шеңбер,
Саўлатлы бир таж кийдиреди».

10 Балам, тыңла ҳәм сөзлеримди
қабыл ет,
Сонда өмир жасың узақ болады.
11 Мен саған даналық жолын
үйреттим,
Сени туўры соқпақлардан
жетеледим.
12 Жүргениңде, адымың
тосқынлыққа ушырамайды,
Жуўырғаныңда сүрникпейсең.
13 Нәсиятыма беккем әмел қыл,
оннан айырылма,
Оны сақла, ол – сениң өмириң.
14 Залымлардың соқпағынан,
Жаўызлардың жолынан жүрме.
15 Оннан бас тарт, ол жолдан жүре
гөрме,
Оннан аўлақ болып, бурылып
кет.
16 Олар жаўызлық ислемесе,
уйықлай алмайды,
Биреўди қулатпаса, уйқысы
қашады.
17 Олар нызамсызлық арқалы нан
жеп,
Жаўызлық арқалы шарап
ишеди.
18 Әдилдиң жолы таң шуғласына
уқсайды,
Ол түске дейин жарқыраған
сайын жарқырайды.
19 Залымның жолы түнекке
уқсайды,
Олар неге сүрнигип
қулайтуғынын билмейди.
20 Балам, сөзлериме дыққат қой,
Айтқанларыма қулақ түр.
21 Сөзлеримди нәзериңнен
қашырма,
Оларды жүрек төринде сақла.
22 Олар өзин тапқанларға өмир
сыйлайды,
Пүткил денесине денсаўлық
береди.
23 Eң баслысы, бар күшиң менен
жүрегиңди қорға,
Ол өмир булағы.
24 Аўзыңнан жалған сөз шықпасын,
Тилиңди өтирик сөзден тый.
25 Көзлериң алға туўры қарасын,
Нәзериң алдыға тигилген
болсын.
26 Қәдемиңди ойлап бас,
Пүткил жолларың беккем
болсын.
27 Оңға да, солға да қайырылма,
Аяғыңды жаўызлықтан аўлақ тут.

## Неке ҳадаллығын бузыўға қарсы ескертиў

5 1 Балам, даналығыма итибар
бер,
Мен түсинген нәрселерге қулақ
сал.
2 Солай етсең, сана-сезимиң
жоғалмас,
Аўзың билимди сақлап қалар.

3 Бузық ҳаялдың аўзынан пал
тамар,
Сөзлери майдан да жумсақ болар.
4 Бирақ оның ақыбети жуўсандай
ашшы,
Еки жүзли қылыштай өткир.

5 Аяқлары өлимге түсип барар,
Қәдемлери өлилер мәканына
қарай жетелер.
6 Өмир жолы туўралы ол ойламас,
Қыйсық жол менен жүргенин
аңғармас.

7 Солай екен, балаларым, мени
тыңлаңлар,
Айтқан сөзлеримнен бас
тартпаңлар!
8 Ондай ҳаялдан аўлақ бол,
Оның есигине де жолама.
9 Болмаса, абырайыңды
басқаларға,
Өмириңди тас баўырға бересең.
10 Байлығыңнан басқалар
рәҳәтленип,
Мийнетиң басқа үйди байытады.
11 Етиң сүйегиңе тақалып,
өмириң ақырлағанда,
Ах шегип, былай деп пәрияд
қыларсаң:
12 «Мен неге нәсиятты жек
көрдим?
Неге жүрегим ескертиўди
писент етпеди?
13 Муғаллимлеримди
тыңламадым,
Устазларыма қулақ аспадым.
14 Сонлықтан мен жыйналған
жәмийеттиң алдында,
Ийт масқара болайын деп
қалыппан!»
15 Суўды өз суў сақлағышыңнан,
Өз қудығыңнан шыққан суўдан
иш.
16 Булақларың көше бойлап,
Ағын суўларың майданлар
бойлап ақсын ба?
17 Олар тек өзиңдики болсын,
Басқалар менен бөлиспе.
18 Булағың берекетли болсын,
Жаслай қосылған қостарыңнан
ләззет ал.
19 Ол сүйкимли суўын, нәзик
кийикке уқсайды.
Оның көкирегине бәрқулла
қанаат етип,
Бәрқулла муҳаббатынан ләззет
ал.
20 Балам, саған тийисли емес
ҳаялдан ләззет алыўдың,
Басқаның геўдесин қушыўдың
не кереги бар?
21 Адамның жоллары Жаратқан
Ийениң көз алдында,
Ол оның барлық адымларын
бақлап турады.
22 Жаман адамның айыплы
ислери оның өзин дузаққа
түсиреди,
Ол өз гүналарына шырмалып
қалады.
23 Ол тәрбиясызлықтан өлип
кетеди,
Ақмақлығы оны жолдан
шығарады.

## Ақмақлық қылыўдан сақ бол!

6 1 Балам, егер биреў ушын ке-
пил болып,
Оның қарызын мойныңа алсаң,
2 Онда сен сөзиңнен тутылып,
Өз сөзиңниң қармағына
илингениң.
3 Яғный, сол адамның қолына
түскениң.
Балам, оннан қутылыў ушын
былай қыл:
Бар да, аяғына жығыл, жалын.
4 Көзиңе уйқы берме,
Кирпик илме.
5 Аңшыдан қашқан жейран киби,
Қус аўлаўшыдан қашқан қус
киби, өзиңди қутқар.

6 Ҳәй ериншек, қумырысқаның
жанына бар,
Оның ислерине қарап, даналық
үйрен.
7 Оның баслығы да,
қадағалаўшысы да,
Ҳүкимдары да жоқ.
8 Бирақ ол жазда өз азығын
топлайды,
Жыйын-терим ўақтында
аўқатын жыйнайды.
9 Ҳәй ериншек! Қашанға дейин
жатпақшысаң?
Қашан уйқыңнан оянасаң?
10 Бираз уйықлап, аз-маз мүлгип
отырсаң,
Гейде қол қаўсырып, жатып та
алсаң,
11 Тонаўшыдай болып жоқшылық
жетип келер,
Қарақшыдай болып мүтәжлик
бас салар.

12 Оңбаған ҳәм жаўыз адам жалған
сөйлеп жүрер,
13 Көзлерин қыпылықлатар,
Аяқлары менен белги берип,
Бармақлары менен ишарат
қылар,
14 Жүрегиндеги ҳийле менен
жаўыз нийет қылып,
Бәрқулла жәнжел туўдырар.
15 Сонлықтан апат оған тосаттан
келер,
Күтилмегенде, шарасыз шыл-
пәрше болар.
16 Жаратқан Ийе жек көретуғын
алты нәрсе,
Ҳәтте, Ол жеркенетуғын жети
нәрсе бар:
17 Менмен көз, жалған сөйлеўши
тил,
Айыпсыз қан төгетуғын қоллар,
18 Жаўыз нийетли жүрек,
Жаўызлыққа асығатуғын
аяқлар,
19 Өтирик сөйлейтуғын жалған
гүўа,
Туўысқанлар арасына от
салыўшы адам.

## Неке ҳадаллығын бузыўға қарсы және бир ескертиў

20 Балам, әкеңниң буйрығын есте
сақла,
Анаң берген тәрбиядан бас
тартпа!
21 Оларды бәрқулла жүрегиңе
түйип,
Мойныңа байлап жүр.
22 Жүргениңде, олар сени жетелер,
Уйықлағаныңда, олар сени
қорғап турар,
Оянғаныңда, олар саған кеңес
берер.
23 Бул буйрықлар – шыра,
нәсиятлар – нур.
Дүзетиўши тәрбия – өмирге
жол.
24 Олар сени жүўенсиз ҳаялдан,
Бузық ҳаялдың майлы тилинен
қорғайды.
25 Оның сулыўлығын жүрегиң
қумартпасын,
Көзин сүзип сени айландырып
алмасын.
26 Жезөкше себепли нанға зар
боласаң,
Ал күйеўи бар ҳаял себепли
өмириңнен айырыласаң.
27 Адам қойынға от салар да,
Кийимин өртемес пе?
28 Шоқ үстинде жүрер де,
Аяғын күйдирмес пе?
29 Басқаның ҳаялы менен
жатқанға да солай болады,

Оған жақынлаған жазасыз
қалмайды.
30 Ашлық себепли тек қарнын
тойдырыў ушын урлық
қылса,
Адамлар оны жек көрмейди.
31 Бирақ ол қолға түсип қалса,
Урлаған нәрсесин жети есе
қылып төлейди,
Ҳәтте, үйиндеги барлық мал-
мүлкин бериўи мүмкин.
32 Бузықшылық қылған – есиўас,
Солай ислеген өз жанын набыт
қылар.
33 Ол таяқ жеп, масқара болар,
Шерменделиктен мәңгиге
тазалана алмас.
34 Қызғаныштан күйеўин ашыў
кернер,
Өш алғанда аяўды билмес.
35 Ҳеш қандай төлемди қабыл
етпес,
Не берсең де, алыўды қәлемес.

# 7

1 Балам, сөзлеримди есиңде
тут,
Буйрықларымды жүрегиңде
сақла.
2 Буйрықларыма әмел қыл, сонда
жақсы жасайсаң,
Нәсиятымды көз
қарашығыңдай асыра.
3 Оларды жүзик киби бармағыңа
тағып ал,
Жүрегиңе ойып жазып қой.
4 Даналыққа: «Сен мениң
апамсаң», – деп айт,
Түсиникти туўысқаным, деп
ата.
5 Олар сени бузық ҳаялдан,
Жезөкше ҳаялдың майлы
тилинен қорғайды.
6 Бир күни үйимниң әйнегинен,
Терезеден сыртқа қарадым.
7 Сада жаслардың арасында,
Ақылы толмаған жас жигитти
көрип қалдым.
8 Ол көшени ҳаял жасайтуғын
мүйешке жақын жерден
кесип өтип,
Сол ҳаялдың үйине апаратуғын
жол менен кетти.
9 Бул ымырт жабылған кешки
ўақыт болып,
Түнги қараңғылық шөккен еди.
10 Сонда бузықлар сыяқлы
кийинген ҳийлекер ҳаял,
Алдынан шығып, жигитти
күтип алды.
11 Ол үйинде турмайтуғын,
Ўайрақы ҳәм жүўенсиз болып,
12 Биресе көшеде, биресе
майданда,
Мүйешлерде жигитлерди аўлап
турады.
13 Ол жигитти услап алып, сүйди,
Бети бүлк етпей оған былай
деди:
14 «Бүгин татыўлық қурбанлығын
берип,
Берген ўәдемди орынладым.
15 Сонлықтан сени күтип алыўға
шықтым,
Сени излеп, мине, таўып та
алдым!
16 Түрли реңли Мысыр
таўарларынан,
Төсегимди қаплап, төседим.
17 Жатақ жайыма хош ийисли
мирра,
Алоэ ҳәм корица септим.
18 Қәне кел, таң атқанша, муҳаббат
ләззетин татып,
Оннан рәҳәтленейик.
19 Үйде күйеўим жоқ,

Ол алыс сапарға кетти.
20 Ол гүмис толы шыжланын да
алып кетти,
Ай толғанша қайтып келмейди».
21 Ҳаял жыллы сөзлер менен
жигитти айландырып,
Майлы тили менен жолдан
урды.
22 Сол ўақытта-ақ, жигит оған
ерип кетти.
Жигит сойылыўға баратырған
буғаға,
Дузаққа аяқ басып атырған
суўынға уқсар еди.
23 Оқ баўырын тесип өтпегенше,
Дузаққа тасланған қус сыяқлы,
Өлимге баратырғанын билмес
еди.

24 Солай екен, балаларым, мени
тыңлаңлар,
Айтқан сөзлериме қулақ
салыңлар!
25 Жүрегиңиз сондай ҳаялдың
жолына бурылмасын,
Оның соқпақлары бойлап
адасып жүрмеңлер.
26 Ол көплерди жарадар етип
қулатты,
Сансыз адамлар оның қолынан
қаза тапты.
27 Оның үйи өлилер мәканына
жетелейтуғын,
Өлимге алып түсетуғын жол.

## Даналықты тыңла!

8 1 Шақырып атырған Даналық
емес пе?
Даўыслап турған түсиник емес
пе?
2 Ол жол шетиндеги
бәлентликлердиң үстинде,
Дәрбент жолларда турады.
3 Ол қала дәрўазаларының
алдында,
Қалаға кирер аўызда турып
жар салады:
4 «Ҳәй адамлар, мен сизлерди
шақырып турман,
Шақырығым адам баласына
қаратылған!
5 Садалар, узақты көриўди
үйрениң,
Ақмақлар, түсиникке ийе
болың!
6 Тыңлаңлар, әҳмийетли
нәрселерди айтпақшыман,
Ҳақыйқатты баян етпекшимен.
7 Тилим ҳақыйқатты сөйлейди,
Аўзым жалғаннан жеркенеди.
8 Аўзымнан шыққан ҳәр бир сөз
ҳақыйқат,
Онда ҳийле ҳәм жалған жоқ.
9 Саналыға барлығы аян,
Билимди ийелегенге бәри
дурыс.
10 Гүмисти емес, мениң
нәсиятымды ал,
Сап алтын орнына билим ал.
11 Даналық яқыттан да қымбат,
Аңсаған ҳеш нәрсең оған тең
келмес.

12 Мен – Даналықпан, Ақыл-
парасат пенен бирге
жасайман,
Билим ҳәм сана-сезим менде
бар.
13 Жаратқан Ийеден қорқыў –
жаманлықтан жеркениў.
Мен менменлик ҳәм
тәкаббирликти,
Жаўызлық жолын ҳәм өтирик
сөзди жек көремен.
14 Менде жақсы кеңес бар, менде
үгит-нәсият бар,

Мен түсиникпен, күш-қуўат та
менде бар.
15 Мен арқалы патшалар бийлик
етер,
Ҳүкимдарлар әдил ҳүким
шығарар.
16 Жер бетиндеги барлық
ҳүкимдарлар,
Әдил басқарып отырған ҳәмме
ақсүйеклер мен арқалы
басқарар.
17 Мени сүйгенлерди мен де
сүйемен,
Мени ықлас пенен излегенлер,
мени табады.
18 Менде байлық ҳәм даңқ-атақ бар,
Таўысылмас байлық ҳәм әдалат
менде бар.
19 Беретуғын жемисим алтыннан,
сап алтыннан да жақсы,
Мен беретуғын пайда сайланды
гүмистен де жоқары.
20 Мен әдиллик жолынан,
Әдалат соқпақларынан
жүремен.
21 Мени сүйгенлерге байлық
сыйлап,
Олардың қазналарын
толтыраман.

22 Жаратқан Ийе Өз исин
басламастан алдын,
Өз жолының басы ретинде
мени жаратты.
23 Ең баста, дүнья жаратылмастан
алдын,
Мен тайынланған едим.
24 Еле түпсиз теңиз де болмаған,
Мол суўлы булақлар да көз
ашпаған ўақытта,
Мен туўылған едим.
25 Еле таўлар орнатылмастан
алдын,
Төбелерден де бурын мен
туўылдым.
26 Ол ўақытта Ол еле жерди де,
далаларды да,
Дүньяның биринши
топырағын да жаратқан
жоқ еди.
27 Ол аспанды орнатқанда,
Терең теңиз жүзине жийек
сызғанда, мен сол жерде
едим.
28 Жоқарыға бултларды қойғанда,
Жер асты булақларына тийкар
салғанда,
29 Суўлар шегарадан шығып
кетпесин деп,
Теңизге көрсетпе бергенде,
Жердиң тийкарын
белгилегенде,
30 Мен Оның жанында уста
болдым.
Ҳәр күни Оны қуўантып,
Оның алдында шадланар едим.
31 Ол жаратқан дүньяда кеўлимди
көтерер едим,
Адам баласы мениң
қуўанышым еди.

32 Солай екен, балаларым, мени
тыңлаңлар,
Жолымды тутқанлар қандай
бахытлы!
33 Нәсиятымды тыңлап, дана
болыңлар,
Ҳеш қашан оннан жүз
бурмаңлар!
34 Ҳәр күни дәрўазам алдында
сергек туратуғын,
Есигим алдында күтип
туратуғын,
Мени тыңлайтуғын адам
қандай бахытлы!
35 Мени тапқан өмирди табады,

Жаратқан Ийениң мийримине
ериседи.
36 Ал Мени қолдан шығарған
өзине зыян келтиреди,
Мени жек көретуғынлардың
ҳәммеси өлимди сүйеди».

### Даналықтың ҳәм ақмақлықтың мирәт етиўи

9 1 Даналық өзине үй қурып
алды,
Оның жети сүтинин жонып
қойды.
2 Ол малларын сойып, шарап
таярлап,
Дастурхан жайды.
3 Ол өз хызметши ҳаялларын
жоллап,
Қаланың бийик жерлеринде
жар салдырды:
4 «Ким сада болса, берман
келсин!»
Ал ақыл-еси кемлерге былай
деди:
5 «Келиңлер, нанымнан жеп,
Мен таярлаған шараптан
ишиңлер.
6 Наданлықты таслап, жасаңлар,
Ақыл-парасаттың жолынан
жүриңлер».

7 Сурбетке нәсият берген
масқара болар,
Жаманды әшкаралағанға мин
тағылар.
8 Сурбетти әшкаралама, ол сени
жек көрип қалар,
Дананы әшкарала, ол сени
сүйип қалар.
9 Данаға үйрет, ол еле де данарақ
болар,
Әдилге тәлим бер, ол билимин
арттырар.
10 Жаратқан Ийеден қорқыў –
даналықтың басы,
Мухаддес Қудайды таныў –
ақыл-парасат.
11 Мен – даналық арқалы өмириң
узаяр,
Жасыңа жас қосылар.
12 Егер дана болсаң, өзиңе пайда,
Сурбет болсаң, жәбирин өзиң
тартарсаң.

13 Ақмақлық – ғаўғалы ҳаял,
Ол надан, ҳеш нәрсени
билмейди.
14 Ол үйиниң есиги алдында,
Қаланың бийик жеринде
отырып алып,
15 Жолдан өтип баратырғанларды,
Өз жолы менен кетип
баратырғанларды
шақырып:
16 «Ким сада болса, берман
келсин!» – дейди.
Ал жарымеслерге былай дейди:
17 «Урлап ишилген суў жүдә
татлы,
Жасырып желинген нан сондай
мазалы».
18 Бирақ садалар билмейди бурын
шақырылғанлардың,
Өлилер мәканының түбинде
өлип жатырғанын.

### Сулайманның ҳикметли сөзлери

10 1 Сулайманның дана ҳикметлери:

Дана перзент әкесиниң
қуўанышы,
Ақылсыз перзент анасының
қайғысы.
2 Ҳарам байлық пайда келтирмес,

Ал туўрылық өлимнен
қутқарар.
3 Жаратқан Ийе әдил адамды аш
қоймас,
Залымлардың қәлеўиниң
орынланыўына жол
қоймас.
4 Ериншек қол жарлы қылар,
Мийнеткеш қол байлық
келтирер.
5 Жазда өним жыйнаған –
ақыллы бала,
Жыйын-терим ўақтында
уйықлаған бала әкесин
уятқа қалдырар.
6 Әдил адамның басына берекет
жаўар,
Залымның аўзы зорлықты
жасырар.
7 Әдиллер теберик қылып еске
алынар,
Залымлардың аты умыт болып
кетер.
8 Дананың жүреги буйрықларды
қабыл етер,
Ақмақтың тили апатқа жетелер.
9 Ҳадал жүрген қәўипсиз жүрер,
Ал өз жолын надурыс тәрепке
бурған әшкара болар.
10 Көз қысқан адам апатқа
жолығар,
Өтирик сөйлеген набыт болар.
11 Әдилдиң аўзы – өмир булағы,
Ал залымның аўзы зорлықты
жасырар.
12 Өшпенлилик жәнжел туўдырар,
Сүйиспеншилик барлық
қылмысларды жуўып
кетер.
13 Ақыллы адамның аўзынан
даналық төгилер,
Ес-ақылы кем адамның
арқасына қамшы тийер.
14 Даналар билимди сақлап қояр,
Ақылсыздың аўзы бәлени
жақынластырар.
15 Байдың байлығы – оның
қорғаны,
Жарлының апаты – оның
кәмбағаллылығы.
16 Әдилдиң мийнети өмирге,
Залымның табысы гүнаға
апарар.
17 Нәсиятты алғанлар өмир
жолында жүрер,
Әшкаралағанды тән алмағанлар
жолдан азғырылар.
18 Қаслығын жасырғанның тили
жалғаншы,
Өсек таратқан адам ақылсыз.
19 Көп сөйлеген қылмыссыз
болмас,
Тилин тыйған – ақыллы.
20 Әдилдиң тили – сайланды гүмис,
Залымның жүреги ҳеш нәрсеге
арзымас.
21 Әдилдиң тили көплерди
азықландырар,
Ақмақ ақылы жетпегенликтен
набыт болар.
22 Жаратқан Ийениң жарылқаўы
адамды байытар,
Ол байлыққа ғам-қайғыны
қоспас.
23 Ақылсыз жаманлық қылыўдан,
Түсимпаз даналықтан ләззет
алар.
24 Залым неден қорқса, соған тап
болар,
Әдил адамлардың әрманы
орынланар.
25 Қуйын турып, залымлар жоқ
болар,
Әдиллер мәңги беккем турар.
26 Ериншек өзин жумсағанлар
ушын,

Тиске қуйылған сирке суўына,
Көзге кирген түтинге мегзер.
27 Жаратқан Ийеден қорқыў
өмирди узайтар,
Ал залымлардың өмири
қысқарар.
28 Әдилдиң күткени шадлыққа
жетелер,
Залымның үмити пушқа шығар.
29 Жаратқан Ийе – жолы
минсизлерге қорған,
Жаўызлық ислеўшилерге
апатшылық болады.
30 Әдил адам мәңгиге шайқалмас,
Залым адам жер бетинде тура
алмас.
31 Әдилдиң аўзы даналықтан
сөйлер,
Ал жалғаншының тили кесип
тасланар.
32 Әдилдиң тили минәсип
сөзлерди билер,
Залымның аўзы өтирик сөзлер
шығарар.

## 11

1 Жаратқан Ийе жалған тә-
резиден жеркенер,
Дурыс тәрезиге Оның кеўли
толар.
2 Менменлик келсе,
масқарашылық та келер,
Кишипейиллилер даналық
пенен бирге болар.
3 Ҳақ нийетлиниң минсизлиги
оған жол көрсетер,
Опасыздың сумлығы өзиниң
басына жетер.
4 Ғәзеп күни байлық пайда бермес,
Әдиллик өлимнен қутқарар.
5 Минсиздиң әдиллиги оның
жолын дүзиў қылар,
Залым залымлығы себепли
қулап түсер.
6 Ҳақ нийетлини әдиллиги
қутқарар,
Опасызлар өз нәпсиниң торына
түсер.
7 Залым адам өлгенде, үмити де
үзилер,
Сүйенген байлығы да пайдасыз
болар.
8 Әдил адам бәледен қутылар,
Оның орнына залым сол бәлеге
дуўшар болар.
9 Қудайсыз жақынын тили менен
жоқ қылар,
Әдиллер өз билими менен аман
қалар.
10 Әдиллер жайнап-жаснаса, қала
йошланар,
Залымлар қуласа, қуўаныш
пенен бақырысар.
11 Ҳақ адамлардың ақ пәтиясы
менен қала раўажланар,
Залымлардың аўзы менен ол
ўайран болар.
12 Ақылсыз жақынын кемситер,
Ақыллы аўзына бек болып
жүрер.
13 Өсек тасыған сырды ашар,
Садық адам сырды сақлар.
14 Қәўендерсиз ел қулар,
Кеңесшиси көп ел жеңер.
15 Басқаға кепил болған бәлеге
жолығар,
Кепил болыўдан қашқан
қәўипсизликте болар.
16 Мийримли ҳаял абырайға
ерисер,
Тас баўыр еркек тек байлыққа
ийе болар.
17 Мийримли адам өз жанына
жақсылық қылар,
Тас баўыр өзине зыян келтирер.
18 Залым алдамшы сый ушын
мийнет етер,

Әдиллик себиўши ҳақыйқый
сый алар.
19 Әдилликти беккем услаған
жасар,
Жаўызлыққа умтылған өлер.
20 Ҳийлекер жүрекли Жаратқан
Ийеге жеркенишли,
Ал минсиз жүргенге Оның
кеўли толар.
21 Билип қой, жаўыз адам
жазасыз қалмас,
Әдилдиң әўлады аман қалар.
22 Сулыў, бирақ әдепсиз ҳаял,
Шошқаның мурнына тағылған
алтын әребекке мегзер.
23 Әдиллердиң тилеги тек
жақсылық,
Ал залымлардың күткени – ғәзеп.
24 Биреў кең пейиллик пенен
шашар, сонда да байлығы
арта берер,
Биреў ҳәдден тыс сақ, бирақ
жарлылана берер.
25 Сақый болған молшылыққа
ерисер,
Шөллегенге суў бергенниң
өзине де суў берилер.
26 Бийдайды жасырғанды халық
нәлетлер,
Оны сатқанға пәтия берилер.
27 Жақсылыққа талпынған
берекет табар,
Жаўызлықты излегенге
жаўызлық келер.
28 Өз байлығына исенген қулар,
Әдиллер болса жасыл
жапырақтай жайнап өсер.
29 Хожалығын азапқа қалдырған
самалды мийрас етип алар,
Ақылсыз данаға қул болар.
30 Әдилдиң мийўеси – өмир тереги,
Дана адам адамларды өзине
тартар.
31 Егер әдил адамға жер бетинде
исине сай қайтарылса,
Онда залымлар менен
гүнакарларға сирә да жаза
берилер.

# 12

1 Нәсиятты сүйген билим-
ди сүйер,
Ескертиўди жек көрген – надан.
2 Ақ кеўил адамға Жаратқан
Ийениң кеўли толар,
Нийети бузықты жазаға ҳүким
қылар.
3 Адам жаўызлық пенен кәмал
таппас,
Әдилдиң негизи тербелмес.
4 Жақсы ҳаял – күйеўиниң тажы,
Күйеўин уятқа қалдыратуғын
ҳаял – сүйегиндеги ириңли
жара.
5 Әдилдиң ой-нийети әдалатлы,
Залымның кеңеси алдамшы.
6 Залымның сөзи – қан төгиў
ушын дузақ,
Әдил адамның сөзи қан
төгилиўден қутқарар.
7 Залым қулап, жоқ болар,
Әдилдиң үйи беккем турар.
8 Адамды ақылына қарап мақтар,
Нийети бузық кемситилер.
9 Нанға зар бола тура, көкирек
көтерип жүргеннен,
Қарапайым болып, хызметши
болған жақсырақ.
10 Әдил өз малының да жанын аяр,
Залымның реҳими де
жаўызлық.
11 Жерине тәрбия бергенниң
тамағы тоқ,
Бос арзыў-қыялға берилгенниң
ақылы жоқ.
12 Залым адам жаўыз адамның
олжасын күсер,

Әдилдиң тамыры ен жаяр.
13 Залым гүналы тили себепли
тутылар,
Әдил бәледен шығып кетер.
14 Адам өз сөзиниң мийўесинен
жақсылыққа ерисер,
Қолларының мийнети де өз
ҳақысын алар.
15 Ақылсыздың жолы өз көзине
дурыс болып көринер,
Дана адам мәсләҳәтке қулақ
салар.
16 Ақылсыздың ашыўы дәрриў
бетине шығар,
Ақыллы шеккен жәбирин
жасырар.
17 Туўры сөйлейтуғын гүўа
ҳақыйқатты,
Жалған гүўа өтирикти айтар.
18 Ойланбай айтылған сөз
қылыштай жарақатлар,
Дананың сөзи шыпа берер.
19 Ырас сөйлейтуғын тил мәңги
турар,
Өтирикши тил тек бир сәтлик.
20 Жаман нийетлилердиң
жүрегинде жалған,
Тынышлықты нийет еткенниң
жүрегинде шадлық бар.
21 Ҳақ адамға ҳеш қандай бәле
келмес,
Наҳақтың басы бәледен шықпас.
22 Өтирикши тил Жаратқан Ийеге
жеркенишли,
Туўры ис ислейтуғынларға
Оның кеўли толар.
23 Ақыллы адам билимин жасырар,
Ақмақтың жүреги наданлығын
жәрия қылар.
24 Мийнеткеш қол бийлик қылар,
Ериншек мәрдикарға алынар.
25 Жүректеги уўайым адамды
шөктирер,
Жақсы сөз оны қуўантар.
26 Әдил адам жақынына жол
көрсетер,
Залым адамның жолы оларды
адастырар.
27 Ериншек тутқан аңын писирип
жемес,
Талапшаң қымбатбаҳа
байлыққа ийе болар.
28 Әдиллик жолында өмир бар,
Оның соқпақларында өлим жоқ.

# 13

1 Ақыллы перзент әкеси-
ниң нәсиятына қулақ салар,
Сурбет перзент кейигенге
қулақ аспас.
2 Жақсы адам аўзының
мийўесинен жақсылық
татар,
Опасызлар жаўызлыққа
талпынар.
3 Тилин тыйған өз өмирин сақлап
қалар,
Тилине ерк берген өзин набыт
қылар,
4 Ериншек қәлесе де, ҳеш нәрсе
ала алмас,
Талапшаңның тилеги ақырына
дейин орынланар.
5 Әдил адам өтирик сөзди жек
көрер,
Залым уятсызлық қылып,
өзиниң абырайын төгер.
6 Әдиллик минсизди жолында
қорғар,
Залымлық гүнакарды қулатар.
7 Биреў ҳеш нәрсеси болмаса да,
өзин бай қылып көрсетер,
Басқасы байлығы мол болса
да, өзин жарлы қылып
көрсетер.
8 Байлығы менен адам өз жанын
сатып алар,

Жарлы болса қәўип-қәтерден
аўлақ болар.
9 Әдиллердиң нуры жарқырап
жайнап турар,
Залымлардың шырасы да өшип
қалар.
10 Менменлик даў-жәнжел
келтирип шығарар,
Кеңеске қулақ салғанларда
даналық болар.
11 Аңсат табылған байлық тез
таўысылар,
Мийнет пенен жыйнаған
байлығын көбейтер.
12 Узақ ўақыт орынланбаған үмит
жүректи түңилдирер,
Орынланған тилек болса, өмир
терегине уқсар.
13 Нәсиятты менсинбеген өзине
зыян келтирер,
Буйрықларды ҳүрмет еткен
сый алар.
14 Даналар тәлими – өмирдиң
булағы,
Ол адамды өлим дузағынан
қутқарар.
15 Жақсы ақыл унамлы қылар,
Опасыздың өмири ўайран болар.
16 Ҳәр қандай ақыллы адам билим
менен ис тутар,
Ақылсыз өзиниң ақмақлығын
көрсетер.
17 Жаман шабарман апатқа
ушырар,
Исенимли елши шыпа алып
келер.
18 Нәсиятқа қулақ салмаған
жоқшылық пенен
шерменделикке ушырар,
Ескертиўди қабыл еткенлер
ҳүрмет-иззетке бөленер.
19 Орынланған тилек жанға
жағымлы,
Ақылсыз жаманлықтан ўаз
кешиўди жек көрер.
20 Дана менен дос болған дана
болар,
Ақылсыз бенен дос болған
апатқа ушырар.
21 Бахытсызлық гүнакарды қуўып
жүрер,
Абаданлық әдиллердиң сыйы
болар.
22 Жақсы адам ақлық-
шаўлықларына да мийрас
қалдырар,
Гүнакарлардың байлығы
әдиллер ушын жыйналар.
23 Жарлының атызы да мол
бийдай бериўи мүмкин,
Бирақ әдалатсызлық себепли
ўайран болар.
24 Жазалаўға аяған баласын
сүймейди,
Баласын сүйген балалықтан
тәрбиялайды.
25 Әдил тойғанынша жер,
Залымның қарны аш қалар.

# 14

1 Дана ҳаял үйин жайнатар,
Ақылсыз ҳаял оны өз қолы
менен бузар.
2 Туўры жолдан жүретуғын
Жаратқан Ийеден
қорқатуғын адам,
Жолдан шыққан Оны
менсинбейтуғын адам.
3 Ақмақтың сөзи арқасына
қамшы болар,
Дананың сөзи оны қорғар.
4 Өгиз болмаса, ақыр бос турар,
Өгиздиң күшинен мол пайда
алынар.
5 Исенимли гүўа өтирик сөйлемес,
Жалған гүўаның өтириги
таўысылмас.

6 Сурбет даналық излер, бирақ
таба алмас,
Ақыллыға билим аңсат
табылар.
7 Ақмақтан аўлақ жүр,
Билимли сөз шықпас оның
аўзынан.
8 Парасатлы адамның даналығы –
өз жолын түсиниўи,
Ақылсыздың ақмақлығы –
алдамшылық.
9 Ақмақлар айып қурбанлығы
үстинен күлер,
Әдил адамлар Қудайдың
мийримине сазыўар болар.
10 Ҳәр кимниң қайғысы өзине аян,
Қуўанышын да ҳеш ким бөлисе
алмас.
11 Залымның үйи бузылар,
Әдил адамның шатыры гүллене
берер.
12 Сондай жол бар, адамға дурыс
болып көринер,
Бирақ ақыбети, өлимге алып
барар.
13 Гейде күлгенде де жүрегиң
сызлар,
Қуўаныш та гейде қайғы менен
жуўмақланар.
14 Азғын адам тутқан жолының,
Жақсы адам ислеген исиниң
сыйын алар.
15 Сада ҳәмме сөзге исене берер,
Ақыллы адымын ойлап басар.
16 Дана қорқып, жаманлықтан
аўлақ болар,
Ақылсыз өзин басқара алмас
ҳәм өзине исенер.
17 Ашыўшақ ақылсызлық қылар,
Нийети бузықты ҳәмме жек
көрер.
18 Саданың несийбесине
ақмақлық тийер,
Ақыллы билимди таж қылар.
19 Жаўызлар жақсылар алдында,
Залымлар әдиллердиң
дәрўазасы алдында тәжим
етер.
20 Кәмбағалды қоңсылары да
жақсы көрмес,
Байлардың досты көп болар.
21 Жақынын кемситкен гүна
қылар,
Жарлыға мийрим көрсеткен
бахытлы болар.
22 Нийети бузықлар жолдан
адаспай ма?
Бирақ жақсы нийетлилер
сүйиспеншилик ҳәм
садықлыққа ийе болар.
23 Ҳәр қандай мийнеттиң пайдасы
бар,
Бос сөз тек жоқшылық
келтирер.
24 Даналардың тажы – олардың
байлығы,
Ақылсызлардың тажы –
ақмақлығы.
25 Әдил гүўа жанды қутқарар,
Жалған гүўа сатқынлық қылар.
26 Жаратқан Ийеден қорқыў –
беккем қорған,
Оның балаларына да пана
болар.
27 Жаратқан Ийеден қорқыў –
өмирдиң булағы,
Ол адамды өлим дузағынан
қутқарар.
28 Халықтың көплиги – патшаның
уллылығы,
Халықтың азлығы –
ҳүкимдардың апаты.
29 Сабыр-тақатлы адамда уллы
ақыл бар,
Ашыўшақ өз ақмақлығын
мәлим қылар.

30 Тыныш жүрек денеге өмир
берер,
Қызғаншақлық сүйеклерди
ширитер.
31 Жарлыны езген оны
Жаратқанды ақыретлеген
болар,
Мүтәжге жәрдем берген оны
Жаратқанды ҳүрмет еткен
болар.
32 Залым өз жаўызлығы себепли
жоқ болар,
Әдиллерге өлеринде де пана
табылар.
33 Даналық ақыллының жүрегине
орналасар,
Ҳәтте, ақмақлардың жүреги де
оны таныйды.
34 Әдиллик халықтың дәрежесин
көтерер,
Нызамсызлық халықты
масқара етер.
35 Патшаға ақыллы хызметши
унар,
Шерменде ис қылғанға оның
ғәзеби жаўар.

15 1 Мүләйим жуўап ашыўды
басар,
Ашшы сөз ғәзепти қозғар.
2 Дананың тили билимди мақтар,
Ақылсыздың аўзынан
ақмақлық ағар.
3 Жаратқан Ийениң көзи ҳәмме
жерде,
Ол жаманды да, жақсыны да
көрип турар.
4 Мүләйим тил – өмир тереги,
Өтирикши тил – жанды жаралар.
5 Ақмақ әкесиниң тәрбиясынан
безер,
Ескертиўге қулақ асқан ақыл-
парасатлы.
6 Әдилдиң үйинде мол ғәзийне
болар,
Залымның тапқаны машқала
алып келер.
7 Дананың аўзы билим таратар,
Ақмақтың жүреги ондай емес.
8 Наҳақтың қурбанлығынан
Жаратқан Ийе жеркенер,
Ҳақ адамның дуўасы Оған унар.
9 Залымның жолынан Жаратқан
Ийе жеркенер,
Әдиллик изинен жүргенди Ол
сүйер.
10 Туўры жолдан адасқанлар аўыр
жаза алар,
Ескертиўди жек көргенлер
набыт болар.
11 Өлилер мәканы ҳәм набыт
болыў мәканы Жаратқан
Ийеге аян екен,
Демек, адам баласының жүреги
Оған олардан да аянырақ!
12 Сурбет өзин әшкаралағанды
унатпас,
Ол дананың қасына да
жоламас.
13 Жүректиң қуўанышы жүзди
жарқыратар,
Жүректиң қайғысы руўхты
сөндирер.
14 Ақыллының жүреги билимди
излер,
Ақылсыздың аўзы ақмақлыққа
тойынар.
15 Бахытсыздың ҳәр бир күни
қайғыдан арылмас,
Жүреги қуўанышлының
зыяпаты ада болмас.
16 Көп байлық пенен тәшиўиште
жасағаннан гөре,
Аз байлық пенен Жаратқан
Ийеден қорқып жасаған
абзалырақ.

17 Жек көрип берилген семиз
баспақ гөшинен гөре,
Сүйиспеншилик пенен берилген
быламық жақсырақ.
18 Ашыўшақ жәнжел туўдырар,
Сабыр-тақатлы даўды басар.
19 Ериншектиң жолы шатлы
тикенге уқсар,
Ҳақ адамның жолы тегис болар.
20 Дана бала әкесин қуўантар,
Ақмақ бала анасын писент етпес.
21 Ақмақлық ақылсызды
қуўандырар,
Ақыллы адам туўры жолдан
жүрер.
22 Кеңеспей исленген ис босқа
шығар,
Көп мәсләҳәтшиниң ой-нийети
иске асар.
23 Орынлы жуўап адамды қуўантар,
Өз ўақтында айтылған сөз
әжайып болар!
24 Төмендеги өлилер мәканына
түспеўи ушын,
Ақыллыны өмир жолы
жоқарыға жетелер.
25 Жаратқан Ийе тәкаббирдиң
үйин қулатар,
Жесирдиң жер шегарасын
сақлап қалар.
26 Залымлардың нийетлери
Жаратқан Ийеге
жеркенишли,
Жақсы сөзлер – пәк.
27 Ҳарам табысқа қумар өз үйине
апат келтирер,
Параны жек көрген тыныш
өмир сүрер.
28 Әдил ойлап жуўап берер,
Залымның аўзы жаўызлық
қусар.
29 Жаратқан Ийе залымлардан
алыс болар,
Әдиллердиң дуўасын еситер.
30 Нурлы жүз жүректи қуўантар,
Жақсы хабар сүйекке азық берер.
31 Өмир беретуғын нәсиятқа
қулақ салған,
Даналар арасынан орын табар.
32 Нәсияттан жүз бурған өз жанын
хор қылар,
Ескертиўге қулақ салған ақылға
ийе болар.
33 Жаратқан Ийеден қорқыў
даналыққа үйретер,
Кишипейиллик даңққа баслар.

# 16

1 Адам жоба дүзер,
Бирақ бул жобаның
жуўабын Жаратқан Ийе
берер.
2 Адамға ҳәмме жоллары ҳадал
болып көринер,
Бирақ ой-нийетти Жаратқан
Ийе өлшер.
3 Ислериңди Жаратқан Ийеге
тапсыр,
Сонда нийетиң жүзеге асар.
4 Жаратқан Ийе ҳәмме нәрсени
олардың өзлериниң
мақсетине сай жаратты,
Ҳәтте, залымларды да
апатшылық күни ушын
жаратты.
5 Ҳәр бир тәкаббир Жаратқан
Ийе ушын жеркенишли,
Гүмансыз, олар жазасыз
қалмайды.
6 Сүйиспеншилик ҳәм садықлық
гүнаны жуўар,
Жаратқан Ийеден қорқыў
жаўызлықтан аўлақ қылар.
7 Адамның жолы Жаратқан
Ийеге мақул болса,
Ол оны душпанлары менен де
жарастырар.

8 Ҳарам жол менен кирген мол
пайдадан гөре,
Ҳадал жол менен кирген
азғантай пайда жақсырақ.
9 Жүрер жолын адам жүрегинде
ойлап қояр,
Бирақ Жаратқан Ийе оның
адымларын бағдарлар.
10 Патша Қудайдың атынан
сөйлейди,
Ол ҳүким қылғанда әдилликти
бурмаламаўы тийис.
11 Туўры тәрези ҳәм тәрезиниң
пәллелери Жаратқан
Ийеден берилер,
Барлық тәрези таслары Ол
арқалы жаратылған.
12 Патша жаўызлықтан жеркенер,
Тахт әдиллик арқалы беккем
болар.
13 Әдил тил патшаға унар,
Ҳақыйқатты айтқанды ол сүйер.
14 Патшаның ғәзеби – өлим
хабаршысы,
Бирақ дана адам оны
тынышландырар.
15 Патшаның жүзи нурланса –
өмирден нышан,
Оның мийрими бәҳәрдеги
жаўын алып келетуғын
бултқа мегзер.
16 Даналыққа ийе болыў алтыннан
қаншелли жақсырақ,
Ақылға ийе болыў гүмистен
қаншелли қунлырақ.
17 Ҳақ адамның жолы
жаўызлықтан аўлақ қылар,
Жолын қорғаған өз жанын
аман сақлар.
18 Ўайран болыўдан алдын
менменлик,
Қулаўдан алдын тәкаббирлик
келер.
19 Менменлер менен олжа
бөлисkеннен,
Жарлылар арасында
кишипейил болған
жақсырақ.
20 Ақыл менен ис алып барған
жақсылық табар,
Жаратқан Ийеден үмит еткен
бахытлы болар!
21 Жүреги даналар парасатлы
делинер,
Жағымлы тил тәлим күшин
арттырар.
22 Ақыл ийеси ушын – өмир
булағы,
Ақмақлық ақмақ ушын – жаза.
23 Дананың жүреги оның сөзин
дана қылып,
Аўзындағы тәлимин арттырар.
24 Жағымлы сөз палдай татлы,
Жанға жағымлы, денеге
шыпалы.
25 Сондай жол бар, адамға дурыс
болып көринер,
Бирақ ақыбети, өлимге алып
барар.
26 Адамның иштейи оған мийнет
еттирер,
Ашлығы оны мәжбүр етер.
27 Оңбаған адам жаманлық ойлар,
Оның сөзи жалмайтуғын
жалынға мегзер.
28 Ҳийлекер адам жәнжел
туўдырар,
Өсекши досларды айырар.
29 Зорлық ислеўши жақынын
азғырар,
Оны жаман жолға баслар.
30 Көзин сүзип қараған ҳийле
ойлар,
Ернин тислеген жаўызлық
ислер.
31 Ағарған шаш – ҳүрметли таж,

Туўры жасаған оны қолға
киргизер.
32 Сабырлы адам мәрт әскерден,
Өзин услай алатуғын адам
қаланы басып алғаннан
үстинирек.
33 Кийимниң шалғайына шек
тасланар,
Оның шешими Жаратқан
Ийеден берилер.

17 1 Дастурханы мол ҳәм зыя-
паты көп жәнжелли үйден,
Бир тислем қатты наны бар
тыныш-татыў үй жақсырақ.
2 Уят ис қылатуғын улды ақыллы
қул басқарар,
Ол туўысқанлар қатарында
мийрасқа шерик болар.
3 Гүмис балқытыўханада, алтын
ошақта сыналар,
Адамның жүрегин Жаратқан
Ийе сынар.
4 Залым жаўыздың сөзине дыққат
қояр,
Өтирикши бүлгинши тилге
қулақ салар.
5 Кәмбағалды мазақ қылған адам,
Оны Жаратқанды ақыретлеген
болар,
Бахытсызлыққа қуўанған
жазасыз қалмас.
6 Ақлықлар – аталар тажы,
Ата-аналар – балалар
мақтанышы.
7 Төрели сөз ақмаққа
жараспағаны сыяқлы,
Өтирик сөз де ҳүкимдарға
жараспас.
8 Бериўшиниң нәзеринде пара
сыйқырлы тасқа уқсар,
Не қылса да иси табыслы
болар.
9 Қәтени кеширген дослықты
сақлар,
Оны қайта-қайта еслей берген
достын бездирер.
10 Ақылсызға берилген жүз
дүрреден гөре,
Ақыллыға берилген бир кейис
тәсирлирек.
11 Жаман адам тек
бүлгиншиликти гөзлер,
Сонлықтан оған қарсы залым
периште жиберилер.
12 Ақмақтың ақмақлығына тап
болғанша,
Баласынан айырылған
ана айыўға тап болған
жақсырақ.
13 Жақсылыққа жаманлық
қылғанның,
Үйинен жаманлық арымас.
14 Жәнжелдиң басланыўы
жыққын суўға уқсар,
Жәнжелди күшейместен бурын
тоқтат.
15 Наҳақты ақлаў ҳәм ҳақты
айыплаў –
Екеўи де Жаратқан Ийеге
жеркенишли.
16 Ақылсыздың қолындағы
ғәзийнеден не пайда?
Даналықты ийелеўге оның
қәлеўи жоқ ғой!
17 Дос ҳәрдайым сүйеди,
Туўысқан да қайғыны бөлисиў
ушын туўылған.
18 Ақылы кем қол берип,
Қоңсысы ушын кепил болар.
19 Гүнаны жақсы көрген жәнжелди
сүйер,
Дәрўазасын бийик қурған
қулаўды излер.
20 Ҳийлекер жүрек жақсылық
таппас,

Өтирикши тил бәлеге жолығар.
21 Ақылсыз бала туўған адамның
маңлайының соры,
Ақмақтың әкеси қуўаныштың
не екенин билмес.
22 Қуўанышлы жүрек шыпа
бағышлаўшы дәри,
Езилген руўх сүйекти қуўратар.
23 Әдалат жолын бурмалаў ушын,
Залым жасырын пара алар.
24 Ақыллы адам нәзерин
даналықтан қашырмас,
Ақмақтың көзи жер түбин
шарлар.
25 Ақмақ бала әкеси ушын қайғы,
Анасы ушын ғам келтирер.
26 Айыпсызды жазалаў,
Ҳасылзаданы ҳадаллығы ушын
урыў жақсы емес.
27 Билимли адам тилин жылаўлар,
Парасатлы адам салдамлы болар.
28 Ақмақ та үндемесе дана саналар,
Тилин тыйып турған,
парасатлы болып көринер.

# 18

1 Саяқ адам қара басын
ойлар,
Барлық саў пикирге қарсы
шығар.
2 Ақмақ түсиниўди жек көрер,
Ол өз ойын билдириўди хош
көрер.
3 Залым өзи менен
кемситиўшилик,
Бийабырайлық өзи менен
масқарашылық алып келер.
4 Адамның аўзынан шыққан
сөзлер терең суўларға,
Даналық булағы ағын суўға
мегзер.
5 Ҳүкимде залымды жақлап,
Айыпсызды наҳаққа шығарыў
жақсы емес.
6 Ақмақтың тили жәнжел
туўдырар,
Аўзы менен дүррени шақырар.
7 Ақылсыздың аўзы өзине әжел,
Оның тили болса, жанына
дузақ болар.
8 Өсекшиниң сөзлери сондай
татлы,
Олар адамның жан дүньясына
кирип алар.
9 Өз жумысына немқурайды
болыў –
Бузғыншының туўысқаны.
10 Жаратқан Ийениң аты – беккем
қорған,
Әдил оған қашып, бас саўғалар.
11 Байдың байлығы оның беккем
қаласы,
Өз қыялына бийик дийўалдай
көринер.
12 Қулар алдынан адамның жүреги
тәкаббирленер,
Ҳүрметтен алдын
кишипейиллик келер.
13 Тыңламай жуўап бериў,
Ақмақлық ҳәм уятсызлық.
14 Адамның дәртине руўхы төзим
берер,
Бирақ езилген руўхқа ким
шыдам берер?
15 Ақыллының жүреги билимди
ийелер,
Дананың қулағы билимди излер.
16 Сый бериў адамға жол ашар,
Ҳүрметли адамлар алдына
дейин апарар.
17 Қарсыласы келип, оған сораў
қойып тексермегенше,
Биринши болып даўласқан ҳақ
болып көринер.
18 Шек таслаў даўды тоқтатар,
Күшли қарсыласлардың даўын
шешер.

19 Өкпели туўысқан бекитилген
қалаға,
Арасындағы даў болса, қорған
қала дәрўазасының
тәмбисине уқсар.
20 Адам аўзының жемисинен
қарнын,
Тилиниң өниминен өзин
тойдырар.
21 Өлим ҳәм өмир тилдиң
ықтыярында,
Тил не сөйлесе, соның
жемисинен дәм татар.
22 Үйленген берекет табар,
Жаратқан Ийениң мийримине
ерисер.
23 Жарлы жалынып сөйлер,
Бай турпайы жуўап берер.
24 दослар бар, өзин дос қылып
көрсеткен,
Бирақ шын дос та бар,
туўысқаннан да жақын.

19 1 Жалған тилли ақмақтан,
Минсиз жүрген жарлы
жақсы.
2 Билимсиз умтылыс жақсы емес,
Асыққан жолдан жаңылысар.
3 Өз ақмақлығы адамның жолын
бузар,
Ал оның жүреги Жаратқан
Ийеге наразы болар.
4 Байлық досларды көбейтер,
Жарлыны досты да таслап кетер.
5 Жалған гүўа жазасыз қалмас,
Өтирик сөйлеген қутыла алмас.
6 Көплер жомарт адамның
мийримине түсиўди қәлер,
Қолы ашыққа ҳәмме дос болар.
7 Жарлыны туўысқанлары да
жек көрер,
Дослары да оннан соншелли
безип кетер,
Сөйлесиў ушын излесе де,
оларды таба алмас.
8 Даналыққа ерискен өз жанын
сүйер,
Ақыл-парасатқа кеўил қойған
жақсылық табар.
9 Жалған гүўа жазасыз қалмас,
Өтирикши тири қалмас.
10 Салтанатлы өмир ақмаққа
жараспағаны сыяқлы,
Баслықларға бийлик етиў қулға
сирә дә жараспас.
11 Ақыл адамның ғәзебин тыяр,
Қәтени кешириў оған ҳүрмет
келтирер.
12 Патшаның ғәзеби арысланның
ақырыўына уқсар,
Ал оның мийрими шөпке
түскен шыққа уқсар.
13 Ақылсыз бала әкесиниң басына
бәле болар,
Урысқақ ҳаял тоқтамай
таматуғын суўға уқсар.
14 Үй ҳәм байлық – ата-анадан
мийрас,
Ақыллы ҳаял – Жаратқан
Ийеден сый.
15 Қосжақпаслық адамды қатты
уйқышы қылар,
Ериншек аш қалар.
16 Буйрықларды орынлаған
өмирин сақлар,
Өз жолына итибар бермеген
набыт болар.
17 Жарлыға мийрим көрсетиў –
Жаратқан Ийеге қарыз
бергендей болар,
Ислеген жақсылығының
есесин Жаратқан Ийе
қайтарар.
18 Үмит барда балаңды жөнге сал,
Оның өлиўине айыплы болма.
19 Ашыўшақ жазасын алсын,

Егер қутқарсаң, оны және де
жазалаўға туўры келеди.
20 Келешекте дана болыўың ушын,
Кеңести тыңлап, нәсиятты
қабыл ет.
21 Адам жүрегинде нийет көп,
Бирақ тек Жаратқан Ийениң
мақсети әмелге асар.
22 Адамның қәлеўи – садықлық,
Жарлы болыў өтирикши
болыўдан жақсырақ.
23 Жаратқан Ийеден қорқыў
өмирге жетелер,
Ол тыныш ҳәм машқаласыз
жасар.
24 Ериншек табаққа қол салар,
Бирақ аўзына апарыўға еринер.
25 Сурбетти жазаласаң, садалар
ақылға кирер,
Егер ақыллыны әшкараласаң,
ол соннан сабақ алар.
26 Әкесин тонап, анасын қуўған
бала,
Жүзи қара ҳәм уятсыз бала.
27 Балам, нәсиятты тыңлаўды
тоқтатқаның,
Бул билимли сөзлерден бас
тартқаның.
28 Жарамас гүўа әдалатлық
үстинен күлер,
Залымлардың аўзы
жаманлықты жалмап жутар.
29 Сурбетлер ушын ҳүким таяр,
Ақмақтың арқасына дүрре таяр.

**20** 1 Шарап – сурбет, өткир
ишимлик – жәнжелкеш,
Оларды ишип алданған ҳәр бир
адам ақылсыз.
2 Патшаның қәҳәри арысланның
ақырғанына уқсар,
Оның қәҳәрин келтирген
өмири менен жуўап берер.
3 Жәнжелден аўлақ болыў адамға
абырай келтирер,
Барлық ақмақлар жәнжелге
асығар.
4 Ериншек ўақтында жер
сүрмес,
Жыйын ўақтында ҳеш нәрсе
таппас.
5 Адамның ой-пикири терең суўға
мегзер,
Ақыллы адам оларды тереңнен
илип шығарар.
6 Көплер өзин садықпан дер,
Бирақ ҳақыйқаттан исенимли
адамды ким таба алар?
7 Әдил минсиз жасар,
Изиндеги балалары бахытлы
болар!
8 Патша ҳүким гүрсисинде
отырғанда,
Көзлери менен барлық
жаўызлықты ажыратар.
9 Ким: «Мениң жүрегим таза,
Ҳадал ҳәм гүнасызбан», – деп
айта алар.
10 Надурыс тәрези ҳәм надурыс
таслар,
Екеўи де Жаратқан Ийеге
жеркенишли.
11 Ҳәтте, бала да исинен билинер,
Оның тазалығы да, дурыслығы
да ҳәрекетинен аян болар.
12 Еситетуғын қулақты, көретуғын
көзди,
Екеўин де Жаратқан Ийе
жаратқан.
13 Уйқышыл болма, жоқшылыққа
ушырарсаң,
Қырағы бол, наның мол болар.
14 Сатып алыўшы: «Жарамсыз
нәрсе», – дер,
Былай шығып, арзан алғанына
мақтанар.

15 Алтын бар, қымбатбаҳа тас та
мол,
Билимли тил – таптырмайтуғын
ҳасыл тасқа мегзер.
16 Бийтанысқа кепил болғанның
кийимин шешип ал,
Оны басқаға кепил болғаны
ушын гиреўге услап тур.
17 Ҳийле менен табылған нан
мазалы,
Бирақ кейин аўыз толған қумға
айланар.
18 Мәсләҳәт пенен жобалар дүз,
Дана кеңес пенен урысқа шық.
19 Өсек тасыған сырыңды ашар,
Аўзы бос пенен қатнас қылма.
20 Ата-анасын ғарғағанның,
Қойыў қараңғылықта өмир
шырағы сөнер.
21 Әўел бастан, асығыс қолға
киргизилген мийрастың,
Ақыры берекетли болмас.
22 «Жаманлық ушын өш аламан», –
деме,
Жаратқан Ийеге тапсырып күт,
Ол сени қутқарар.
23 Надурыс өлшем таслары
Жаратқан Ийеге
жеркенишли,
Надурыс тәрези де жақсы емес.
24 Адамның адымларын Жаратқан
Ийе белгилер,
Солай екен, адам өз жолын
қалай түсинсин?
25 Асығыс ўәде етип, Қудайға атаў,
Атап болып, ойланыў,
Бул – адам ушын дузақ.
26 Ақыллы патша жаўызларды
ажыратып,
Олардың үстинен түйек
айдайды.
27 Адамның руўхы – Жаратқан
Ийениң шырағы,
Ол адам қәлбиниң
тереңликлерин изертлер.
28 Мийрим-шәпәәт ҳәм садықлық
патшаны қорғар,
Мийрим менен ол тахтын
беккем қылар.
29 Жаслардың мақтанышы –
олардың күш-қуўаты,
Жасы үлкенлердиң абырайы –
олардың ақ шашлары.
30 Таяқтан қалған жарақат
жаўызлықтан тазартар,
Таяқтың зардабы ишки
дүньяны пәклер.

# 21

1 Патшаның жүреги
Жаратқан Ийениң қолын-
дағы суў ағысына уқсар,
Ол патшаны қәлеген жағына
бағытлар.
2 Өз жолының ҳәммеси адамға
туўры болып көринер,
Бирақ Жаратқан Ийе жүректи
тексерер.
3 Әдиллик ҳәм әдалатлықты
сақлаў,
Жаратқан Ийе ушын
қурбанлық бергеннен
унамлырақ.
4 Тәкаббир нәзер ҳәм менмен
жүрек,
Залымлардың шырағы ҳәм
гүнасы.
5 Мийнеткеш адамның ой-нийети
молшылық алып келер,
Асығыслардың бәри
жоқшылыққа ушырар.
6 Жалған тил менен жыйналған
байлық,
Жоқ болып кететуғын пуў ҳәм
өлим дузағы.
7 Залымлардың зулымлығы өзин
жоқ қылар,

Олар әдалатлы ис тутыўдан бас
тартар.
8 Айыплының жолы қыйсық,
Айыпсыздың ис-ҳәрекети
туўры.
9 Урысқақ ҳаял менен бир үйде
жасағаннан,
Үшектиң бир мүйешинде
жасаған жақсы.
10 Залымның кеўли жаўызлыққа
қумар,
Жақыны да оннан реҳим
таппас.
11 Сурбетке жаза берилсе, садаға
ақыл кирер,
Дана тәлим алса, билими артар.
12 Әдил Құдай залымның үйин
бақлар,
Залымларды набыт қылар.
13 Жарлының пәриядына қулақ
салмаған,
Өзи пәрияд қылғанда жуўап
ала алмас.
14 Жасырын берилген саўға
ғәзепти,
Қойынға тығып берилген пара
күшли қәҳәрди басар.
15 Әдалат жүзеге асса, әдиллер
қуўанар,
Ал жаўызлық қылыўшыларды
қорқыныш бийлер.
16 Ақыллылық жолынан
узақласқан,
Өлилер жыйынына орналасар.
17 Заўқы-сапаны сүйген
жарлыланар,
Шарапты ҳәм зәйтүн майын
сүйген байымас.
18 Залым әдилдиң,
Бийопа ҳақтың төлеми болар.
19 Урысқақ ҳәм кекшил ҳаял менен
жасағаннан,
Шөлде жасаған жақсырақ.
20 Дананың үйи қымбатбаҳа
ғәзийне ҳәм зәйтүн
майына толар,
Ақылсыз барын шашар.
21 Әдиллик ҳәм мийрим излеген
адам,
Өмир, әдалат ҳәм ҳүрметке ийе
болар.
22 Дана адам күшлилердиң
қаласына кирер,
Олар исенген қорғанды тас-
талқан қылар.
23 Аўзына ҳәм тилине бек болған,
Жанын апаттан сақлар.
24 Өркөкирек ҳәм тәкаббирди
сурбет деп атар,
Ол аса менменлик пенен
ҳәрекет етер.
25 Ериншекти қумарлығы өлтирер,
Қоллары жумыстан бас тартар.
26 Ол күн бойы ашкөзлик пенен
алыўды гөзлер,
Бирақ әдил аямай берер.
27 Залымның қурбанлығы –
жеркенишли,
Әсиресе, жаўыз ой менен берсе,
оннан да жаман.
28 Жалған гүўа набыт болар,
Ҳәммесин еситкенниң
гүўалығы өтер.
29 Залым жүзин исенимли қылып
көрсетер,
Әдил адам өз жолында беккем
турар.
30 Жаратқан Ийеге қарсы
туратуғын,
Даналық та, түсиник те, кеңес
те жоқ.
31 Ат саўаш күни ушын
тайынланар,
Бирақ жеңис Жаратқан Ийеден
берилер.

22
1 Жақсы атақ үлкен байлықтан жақсы,
Жақсы атақ-абырай гүмис ҳәм
алтыннан жақсы.
2 Бай ҳәм жарлының ортақлығы
мынада:
Олардың екеўин де Жаратқан
Ийе жаратқан.
3 Ақыллы қәўип-қәтерди көрип,
бас саўғалар,
Сада алға басып бара берип,
зәлел көрер.
4 Кишипейиллик ҳәм Жаратқан
Ийеден қорқыў ушын
берилетуғын сый –
Байлық, даңқ ҳәм өмир.
5 Азғынның жолы тикен ҳәм
дузаққа толы,
Жанын сақламақшы болған
оннан аўлақ жүрсин.
6 Баланы жастан туўры жолға сал,
Ол қартайғанда да оннан
таймайды.
7 Байлар жарлыларға үстемлик
қылар,
Қарыздар қарыз бергенге қул
болар.
8 Наҳақлық қылған апат орар,
Оның ғәзеп қамшысы сынар.
9 Сақый адам берекет табар,
Өз нанын жарлылар менен
бөлисер.
10 Сурбетти қуўсаң, жәнжел де
кетер,
Даў ҳәм кейис те тоқтар.
11 Жүрек пәклигин сүйетуғын ҳәм
жағымлы сөйлейтуғын
адамға,
Патша дос болар.
12 Жаратқан Ийениң нәзери
билимди қорғар,
Опасыздың сөзлерин Ол жоққа
шығарар.
13 Ериншек: «Далада арыслан бар!
Майдан ортасында мени
өлтиреди!» – дер.
14 Бузық ҳаялдың аўзы түпсиз
шуқырға мегзер,
Жаратқан Ийе кимге ғәзепленсе,
ол сол шуқырға қулар.
15 Ақылсызлық өспиримниң
жүрегинде бар,
Тәрбиялаўшы қамшы оны
соннан арылтар.
16 Байыў ушын жарлыға жәбир
көрсететуғын,
Байға сый беретуғын адам
кәмбағалласады.

## Даналардың отыз нәсияты

17 Даналардың сөзлерин қулақ
түрип тыңла,
Беретуғын билимиме
жүрегиңди аш.
18 Оларды жүрегиңде сақласаң,
Ҳәм олар сениң тиллериңде
болса, жақсы болады.
19 Исенимиңди Жаратқан Ийеге
артыўың ушын,
Бүгин буларды саған, аўа, саған
үйретип атырман.
20 Мәсләҳәт ҳәм билим менен,
Саған отыз нәсият жазбаған ба
едим?
21 Бул исенимли ҳақыйқат
сөзлерин үйрениўиң,
Сени жибергенге дурыс
жуўап бере алыўың ушын
жазылған емес пе еди?

### *Биринши нәсият*

22 Жарлыны жарлылығы себепли
тонама,
Бахытсызды қала дәрўазасы
алдында ҳүким қылғанда
қыйнама.

23 Олардың исин Жаратқан Ийе жақлар,
Оларды тонағанлардың жанын алар.

### *Екинши нәсият*

24 Ашыўшақ адам менен дос болма,
Қызба адам менен жолдас болма.
25 Болмаса, сен де оған еликлерсең,
Жаныңды дузаққа түсирерсең.

### *Үшинши нәсият*

26 Қол берип,
Басқаның қарызына кепил болатуғынлардың бири болма.
27 Төлеў ушын ҳеш нәрсең болмаса,
Төсегиңди де астыңнан тартып алар.

### *Төртинши нәсият*

28 Ата-бабаларың қойып кеткен,
Ески шегара белгисин жылжытпа.

### *Бесинши нәсият*

29 Өз кәсибиниң маманы болған адамды көрдиң бе?
Ол патшаларға хызмет етер,
Әпиўайы адамларға хызмет етпес.

### *Алтыншы нәсият*

23 1 Ҳүкимдар менен дастурханлас болғанында,
Алдыңдағыларға дыққат пенен нәзер сал,
2 Егер қулқыныңды тыя алмасаң,
Аўзыңды буўып қой.
3 Оның дәмли тағамларын кеўлиң күсемесин,
Ол ҳийле менен берилген болыўы мүмкин.

### *Жетинши нәсият*

4 Бай болыў ушын өзиңди зорықтырма,
Бул ойыңды шығарып таслайтуғын даналыққа ийе бол.
5 Байлық көз ашып-жумғанша жоқ болар,
Қанат байлап, бүркит киби аспанға ушып кетер.

### *Сегизинши нәсият*

6 Иши тардың үйинен ас ишпе,
Оның мазалы тағамларын да күсеме.
7 Ол жеген ҳәр бир нәрсеңди есаплап турар,
«Иш, же», – дер саған, бирақ жүреги буны қәлемес.
8 Жеген аз-маз нәрсеңди қусып тасларсаң,
Айтқан жақсы сөзлериң де босқа кетер.

### *Тоғызыншы нәсият*

9 Ақмаққа сөз айтпа,
Ол сениң дана сөзлериңди менсинбейди.

### *Оныншы нәсият*

10 Ески шегара белгисин жылжытпа,
Жетимниң атызына қол салма.
11 Олардың Әмеңгери күшли,
Ол саған қарсы шығып, олардың исин жақлар.

### *Он биринши нәсият*

12 Жүрегиңди тәлимге,
Қулағыңды билимли сөзлерге бер.

### *Он екинши нәсият*

13 Баланы тәрбиясыз қалдырма,
Оны қамшы менен жазаласаң
да, өлмейди.
14 Оны қамшы менен жазала,
Жанын өлилер мәканынан
қутқарарсаң.

### *Он үшинши нәсият*

15 Балам, егер жүрегиң дана болса,
Мениң жүрегим де шадланар.
16 Аўзың дурыс сөйлесе,
Қәлбим йошланар.

### *Он төртинши нәсият*

17 Жүрегиң гүнакарларға ҳәўес
қылмасын,
Бәрқулла Жаратқан Ийеден
қорқып жаса.
18 Сонда келешегиң болатуғыны
гүмансыз,
Үмитиң де босқа шықпас.

### *Он бесинши нәсият*

19 Тыңла балам, дана бол,
Жүрегиңди туўры жолға
бағытла.
20 Мәскүнем ҳәм гөшке
тоймайтуғынлар арасында
болма.
21 Мәскүнем ҳәм тамақсаў адам
жарлыланар,
Уйқышыллық адамға жыртық
кийим кийгизер.

### *Он алтыншы нәсият*

22 Сени дүньяға келтирген әкеңе
қулақ сал,
Қартайғанында анаңды
менсинбей жүрме.
23 Ҳақыйқатты сатып ал, оны
сатпа,
Даналық, тәлим ҳәм ақылға
ийе бол.
24 Әдилдиң әкеси шадланады,
Дана баласы бар әке ол ушын
қуўанады.
25 Әкең ҳәм анаң қуўансын,
Сени туўған қатты шадлансын!

### *Он жетинши нәсият*

26 Балам, жүрегиңди маған
бағышла,
Көзлериң мен жүрген жолда
болсын.
27 Бузық ҳаял – терең шуқыр,
Өзгениң ҳаялы – тар қудық.
28 Ол қарақшыдай буққыда күтер,
Бийопа еркектиң санын
көбейтер.

### *Он сегизинши нәсият*

29 Аҳ шеккен ким? Дад салған ким?
Кимде жәнжел? Кимде шағым?
Кимге себепсиз көк түскен?
Кимниң көзлери қызарған?
30 Буның бәри шарап ишип көп
отыратуғынларда,
Аралас шарапларды татып
көриўге барғанларда болар.
31 Шараптың қызарғанына,
Кеседе таўланып турыўына,
Жумсақ жутылыўына қарама!
32 Ақыбетинде ол жылан киби
шағар,
Сур жылан киби уўын шашар.
33 Көзлериңе ерси нәрселер
көринер,
Ойыңнан жаман пикирлер өтер.
34 Сен теңиздиң қақ ортасында
қайықта,
Өрлик ағашының үстинде
жатырғандай боларсаң.
35 «Мени урды, аўырмады,
Сабады, маған сезилмеди,

Және ишимликти излеў ушын,
Қашан оянаман?» – дерсең.

*Он тоғызыншы нәсият*

24 1 Залым адамларға ҳәўес қылма,
Олар менен бирге болыўды күсеме.
2 Олардың ойы зорлық етиўди ойлар,
Аўзы машқала келтириў туўралы сөз етер.

*Жигирмаланшы нәсият*

3 Даналық пенен үй салынар,
Ақыл менен беккем болар.
4 Билим менен үйдиң иши,
Қымбатбаҳа ҳәм әжайып байлыққа толар.

*Жигирма биринши нәсият*

5 Дана адам күшли болар,
Билимли адам күшке толып барар.
6 Сонлықтан урысты ақыл-кеңес пенен алып бар,
Мәсләҳәтши көп жерде жеңис бар.

*Жигирма екинши нәсият*

7 Ақмақ ушын даналық қол жетпес болар,
Мәжилисте ол аўзын да ашпас.

*Жигирма үшинши нәсият*

8 Жаманлық ислеўди нийет еткен адам,
Нийети бузық деп аталар.
9 Ақмақтың ҳарам ойы – гүна,
Сурбет – адамлар ушын жеркенишли.

*Жигирма төртинши нәсият*

10 Егер сен апатқа ушырағанда ҳәлсизлик етсең,
Онда сениң күшиңниң аз болғаны.

*Жигирма бесинши нәсият*

11 Айыпсыз өлимге кесилгенди қутқар,
Соймақшы болғанды изине қайтар.
12 «Биз буны билмедик», – десең де,
Жүректи сынайтуғын Қудай шынлықты билмей ме?
Жаныңды қорғайтуғын буны аңламай ма?
Ол ҳәр бир адамға исине жараса қайтармай ма?

*Жигирма алтыншы нәсият*

13 Балам, пал же, ол жақсы,
Пал уяның палы таңлайыңа татлы.
14 Сол сыяқлы, даналық та жаныңа татлы,
Егер оны тапсаң, келешегиң болар,
Үмитиң де үзилмес.

*Жигирма жетинши нәсият*

15 Ҳәй залым, әдилдиң үйине жаўызлық ойлама,
Оның мәканын ўайранлама.
16 Әдил жети рет жығылса да, турып кетер,
Залым апатшылықтан набыт болар.

*Жигирма сегизинши нәсият*

17 Душпаның жығылса, қуўанба,
Сүрниксе, шадланба.

18 Солай ислесең, Жаратқан Ийе
буны көрип, наразы болар,
Душпаныңа деген ғәзебинен
қайтар.

### *Жигирма тоғызыншы нәсият*

19 Жаўызлық қылыўшыларға
қәҳәрленбе,
Залымларға ҳәўес қылма.
20 Жаўызлық қылыўшылардың
келешеги жоқ,
Залымлардың шырағы өшип
қалар.

### *Отызыншы нәсият*

21 Балам, Жаратқан Ийеден ҳәм
патшадан қорқ,
Қозғалаңшы менен шерик
болма.
22 Жаратқан Ийе ҳәм патша
тосаттан бәле жиберер,
Олар екеўиниң қандай бәле
жиберетуғынын ким
билер?

## Даналардың басқа нәсиятлары

23 Мыналар да даналардың айт-
қанлары:

Ҳүкимде адамды алалаў жақсы
емес.
24 Айыплыға: «Сен айыпсызсаң», –
дегенди халықлар
нәлетлер,
Миллетлер оны жек көрер.
25 Айыплыны жазалаған табысқа
ерисер,
Оған жарылқаўлар жаўар.
26 Туўры жуўап,
Ҳақыйқый дослықтың белгиси.
27 Сырттағы ислериңди питкер,
Егислик жериңди тәртипке сал,
Соңынан үйиңди қур.
28 Себепсиз жақыныңа қарсы
жалған гүўалық берме,
Аўзың менен өтирик сөйлеме.
29 «Маған не қылған болса, өзине
де соны ислеймен,
Ол не қылса, өзине соны
қайтараман», – деме.

30 Мен ериншектиң атызынан,
Ессиздиң жүзимзарынан өттим.
31 Қарасам, ҳәммесине тикенлер
өскен,
Жериниң бетин жабайы шөп
басқан,
Тас диййўалы да қулаған.
32 Қарап, ойланып қалдым,
Көрип, сабақ алдым.
33 Бираз уйықлап, аз-маз мүлгип
отырсаң,
Гейде қол қаўсырып, жатып та
алсаң,
34 Тонаўшыдай болып, жоқшылық
жетип келер,
Қарақшыдай болып, мүтәжлик
бас салар.

## Сулайманның ҳикметлериниң екинши бөлими

25 1 Мыналар да Яҳуда пат-
шасы Хизкияның адам-
лары тәрепинен жазып алынған
Сулайманның ҳикметлери:

2 Исти қупыя етиў – Қудайдың
даңқы,
Исти изертлеп ашыў –
патшалардың даңқы.
3 Аспанның бийиклиги, жердиң
тереңлиги киби,
Патшаның ой-нийети де
түсинип болмас нәрсе.
4 Гүмистен ғаўажақты алып тасла,

Сонда өнермент оннан ыдыс
соға алар.
5 Патшадан залымды узақластыр,
Оның тахты әдиллик пенен
беккем болар.
6 Патшаның алдында гәрдийме,
Уллылардың орнына турып
алма.
7 Ҳасылзада алдында
кемситилгеннен гөре,
Оның саған: «Былай, жоқары
шық», – дегени жақсырақ.
Көзлериң менен көрген
нәрсени,
8 Ҳүкимге тапсырыўға асықпа.
Егер қарсыласың сени жеңип
шығып, уялтса,
Кейин не қыласаң?
9 Даўды жақының менен жеке
талқыла,
Басқаның сырын ашпа.
10 Болмаса адамлар еситип, сени
уялтар,
Жаман атың изиңнен қалмас.
11 Орны менен айтылған сөз,
Гүмис табаққа салынған алтын
алмаға уқсар.
12 Тыңлар қулаққа дананың
әшкаралаўы,
Алтын сырғаға яки сап алтын
тағыншаққа уқсар.
13 Исенимли елши өзин
жибергенлер ушын,
Орым-жыйын ўақтындағы
қардың суўығы яңлы,
Өз хожайынларының жанын
жай таптырар.
14 Бермеген сыйын бердим деп
мақтанатуғын адам,
Қурғақ самал ҳәм жаўмас
бултқа уқсайды.
15 Сабырлылық пенен ҳүкимдар
көндирилер,
Жумсақ тил сүйекти сындырар.
16 Пал тапсаң, жетерлисин же,
Артық жесең, қусып тасларсаң.
17 Қоңсыңа жийи-жийи бара
берме,
Сеннен безип, жек көрип
қалмасын.
18 Жақынына қарсы жалған
гүўалық берген адам,
Шоқмар, қылыш ҳәм ушлы
оққа уқсар.
19 Апат күни опасыздан үмитлениў,
Сынған тис ҳәм сал болған
аяққа мегзер.
20 Қайғылыға кеўилли қосық
айтыў,
Суўық күни кийимин шешип
алғанға,
Ямаса жараға дуз сепкенге
мегзер.
21 Егер душпаның аш болса, оған
нан бер,
Егер шөллесе, суў бер.
22 Солай ислеп, оны уялтарсаң,
Есесин Жаратқан Ийеден
аларсаң.
23 Арқа самалы жаўын алып келер,
Өсекши тил адам жүзинде ғәзеп
оятар.
24 Урысқақ ҳаял менен бир үйде
жасағаннан,
Үшектиң бир мүйешинде
жасаған жақсы.
25 Алыс елден келген жақсы хабар,
Шөллегенге берилген салқын
суўға мегзер.
26 Залымға бас ийген әдил адам,
Ылайланған булақ ҳәм
патасланған қудыққа
мегзер.
27 Көп пал жеген жақсы емес,
Даңқ ушын умтыла бериў де
даңқ әпермес.

28 Өзин басқара алмайтуғын адам,
Дийўалсыз, ўайран болған
қалаға мегзер.

# 26

1 Жазға қар, орым-жыйын
ўақтына жаўын жараспа-
ғаны сыяқлы,
Ақмаққа даңқ жараспас.
2 Пырр етип ушқан шымшықтай,
Ушып кеткен қарлығаштай,
Жөнсиз ғарғыс та адамға
тиймес.
3 Атқа қамшы, ешекке жүўен,
Ақмақтың арқасына таяқ керек.
4 Ақмаққа ақмақлық пенен жуўап
берме,
Болмаса, өзиң де оған уқсап
қаласаң.
5 Егер ақмаққа ақмақлығына сай
жуўап бермесең,
Онда ол өзин ақыллы санар.
6 Ақмақ арқалы хабар жиберген,
Аяғына балта урғандай ямаса
зорлыққа шыдағандай
болар.
7 Ақмақ айтқан ҳикметлер,
Ақсақтың аяғындай натегис
болар.
8 Ақылсызды ҳүрметлеў,
Сақпанға тасты байлап
атқандай пайдасыз.
9 Ақмақ айтқан ҳикметлер,
Мәскүнемниң қолындағы
тикенли шақаға уқсар.
10 Ақмақты яки дус келген адамды
жаллаўшы,
Бет алдына қарамай жарақат
салатуғын садақшыға
уқсар.
11 Өз ақмақлығын тәкирарлаған
ақмақ,
Өз қусығына қайтып келген
ийтке уқсар.
12 Өзин дана деп санайтуғын
адамды көрдиң бе?
Сондай адамға қарағанда,
ақмақтан көбирек үмит
бар.
13 Ериншек: «Жолда арыслан бар.
Майданларда арыслан жүр», –
дейди.
14 Есиктиң топсада айлана бергени
сыяқлы,
Ериншек төсегинде аўнап жата
берер.
15 Ериншек табаққа қол салар,
Бирақ аўзына апарыўға еринер.
16 Ериншек өзин,
Ойланып жуўап беретуғын
жети адамнан да
ақыллырақ санар.
17 Басқаның жәнжелине
араласқан,
Жолдағы ийттиң қулағынан
тартқанға уқсар.
18 Телбе адамды өлтиретуғын
отлы оқлар атады.
19 Жақынын алдап, зыян
келтиргеннен кейин:
«Мен ҳәзиллесип едим», –
дейтуғын адам да сондай.
20 Отын таўысылса, от өшер,
Өсекши болмаса, даў сөнер.
21 Көмир қызыў ушын, отын от
ушын,
Урысқақ адам жәнжелди
тутандырыў ушын.
22 Өсекшиниң сөзи сондай татлы,
Олар адамның жан дүньясына
кирип алар.
23 Шийрин сөзли жаўыз нийетли
адам,
Гүмис жалатылған ылай
ыдысқа мегзер.
24 Душпан өз кегин тили артына
жасырар,

Жүрегинде болса, ҳийле сақлар.
25 Оның мүләйим сөйлегенине
исенбе,
Жүрегинде жети сумлық бар
оның.
26 Өшпенлигин ҳийле менен
жасырса да,
Жаўызлығы халық жыйынында
жүзеге шығар.
27 Ким гөр қазса, соған өзи түсер,
Ким жоқарыға тас домалатса,
өзи астында қалар.
28 Жалған тил өзи
жаралағанларды жек
көрер,
Жағымпаз аўыз апат келтирер.

# 27

1 Ертеңги күн менен мақ-
танба,
Оның не алып келетуғынын
билмейсең.
2 Сени өз аўзың емес, басқа аўыз,
Өз тиллериң емес, өзге тил
мақтасын.
3 Тас та салмақлы, қум да аўыр,
Ақмақ туўдырған ғәзеп
екеўинен де аўыр.
4 Ашыў реҳимсиз, ғәзепти
басқарып болмас,
Бирақ күншилликке ким қарсы
тура алады?
5 Ашық ескерткен,
Жасырын сүйиспеншиликтен
жақсы.
6 Достың ескертиўи садықлық,
Душпанның сүйиўи алдамшы.
7 Тойынған палдан да бас тартар,
Ашқа ашшы да мазалы
көринер.
8 Өз мәканын таслап, гезип
кеткен,
Уясын таслап, гезип кеткен
қусқа мегзер.
9 Хош ийисли май ҳәм түтетки
жүректи қуўантар,
Достың шын жүректен айтқан
кеңеси кеўилге жағымлы
болар.
10 Өзиңниң достыңнан ҳәм
әкеңниң достынан қол
үзбе,
Басыңа ис түскенде
ағайинлериңе жуўырма,
Узақтағы ағайиннен
жақындағы қоңсы артық.
11 Балам, дана болып жүрегиме
қуўаныш бағышла,
Сонда мени айыплағанларға
не деп жуўап бериўди
билемен.
12 Ақыллы қәўип-қәтерди көрип,
бас саўғалар,
Сада алға басып бара берип,
зәлел көрер.
13 Бийтанысқа кепил болғанның
кийимин шешип ал,
Оны басқаға кепил болғаны
ушын гиреўге услап тур.
14 Таң азаннан қоңсысына
даўыслап алғыс айтқан,
Ғарғаған саналар.
15 Урысқақ ҳаял,
Жаўынлы күни тынбай
тамшылайтуғын жаўынға
мегзер.
16 Оны тоқтатыў самалды
басқарғанға,
Ямаса қол менен майды
услағанға уқсайды.
17 Темир темирди қайрап өткир
қылғаны сыяқлы,
Адам адамды жетик қылады.
18 Әнжирди тәрбиялаған жемисин
жер,
Мырзасына ғамхорлық еткен
ҳүрметте болар.

19 Адам суўға қарап жүзин
көргендей,
Жүрегине қарап өзин көрер.
20 Өлилер мәканы ҳәм набыт
болыў мәканы тойымсыз
болғаны сыяқлы,
Адамның көзи де тойымсыз.
21 Гүмис балқытыўханада, алтын
ошақта сыналар,
Адам мақталғанда сыналар.
22 Ақмақты бийдай менен келиде
түйсең де,
Оннан ақмақлығы айырылмас.
23 Сүриўлериңниң жағдайын
жақсы бил,
Падаларыңа жақсылап қара.
24 Байлық мәңгилик емес,
Таж да әўладтан-әўладқа
берилмес.
25 Отлар орылып, таза шөп шығар,
Таўдағы шөплер де жыйнап
алынар.
26 Сонда қойлар сени кийиндирер,
Текелер жер сатып алыўға пул
болар.
27 Өзиңе ҳәм үй-ишиңе азық
ушын,
Ешки сүти мол болар,
Шорыларыңның ишиўи ушын
да жетер.

**28** 1 Жаўыз адам хеш ким
қуўмаса да қаша берер,
Әдиллер арыслandай батыр
болар.
2 Елде нызамсызлық көбейсе,
басшылар көбейер,
Түсимпаз ҳәм билимли
басшы болса, елде тәртип
сақланар.
3 Ҳәлсизлерди езетуғын жарлы,
Егинди жайпайтуғын нөсер
жаўынға уқсар.
4 Нызамды бузғанлар
залымларды мақтар,
Нызамға әмел қылғанлар
оларға қарсы турар.
5 Жаўыз адамлар әдалатты уқпас,
Жаратқан Ийени излегенлер
ҳәммесин түсинер.
6 Натуўры жолдан жүрген байдан,
Минсиз жүрген жарлы жақсы.
7 Нызамға әмел қылған бала –
ақыллы бала,
Ал жарамасқа дос болған бала
әкесин уятқа қалдырады.
8 Үстеме пайдасы менен байлық
жыйнаған,
Оны жарлыларға сақаўат
көрсететуғын адам ушын
жыйнайды.
9 Нызамды еситпеў ушын
қулағын жаўған адамның,
Еткен дуўасы да жеркенишли.
10 Ҳақ адамды жолдан азғырған,
Өзи қазған шуқырға өзи түсер,
Минсизлер жақсылықты
мийрас қылар.
11 Бай адам өзин дана санар,
Ақыллы жарлы оны әшкара
қылар.
12 Әдиллер үстин шықса, қуўаныш
ҳүким сүрер,
Залымлар лаўазымға
көтерилсе, журт бас
саўғалар.
13 Қылмысын жасырған табысқа
ериспес,
Мойынлаған ҳәм олардан бас
тартқан рехим табар.
14 Бәрқулла Қудайдан қорққан
адам қандай бахытлы!
Жүрегин қатал қылған апатқа
ушырар.
15 Жарлы халыққа бийлик еткен
залым басшы,

Ақырған арысланға яки аш
айыўға уқсар.
16 Ақылсыз ҳүкимдар халқын езер,
Ҳарам пайданы жек көргенниң
өмири узақ болар.
17 Қан төгип адам өлтирген,
Гөрге киргенше, қашып жүрер,
Оған ҳеш ким жәрдем
бермесин!
18 Минсиз жүрген қәўипсизликте
болар,
Надурыс жолдан жүрген
тосаттан қулар.
19 Жерине тәрбия бергенниң
тамағы тоқ болар,
Бос арзыў-қыялға берилген
жоқшылыққа тояр.
20 Садық адам жарылқаўға бай
болар,
Байыўға асыққан жазасыз
қалмас.
21 Адамларды алалаў жақсы емес,
Гейбир адам бир тислем нан
ушын наҳақлық қылар.
22 Иши тар адам байыўға асығар,
Жоқшылыққа ушырайтуғынын
ойламайды да.
23 Адамды әдил әшкаралаған,
Ақырында, жағымпазға
қарағанда үлкен ҳүрметке
ерисер.
24 «Гүна емес», – деп ата-анасынан
урлайтуғын –
Геллекесерлердиң шериги.
25 Ашкөз жәнжел шығарар,
Жаратқан Ийеге үмит артқан
тоқ жасар.
26 Өзине исенген – ақылсыз,
Даналық пенен жүрген
қәўипсизликте болар.
27 Жарлыға берген кем болмас,
Ал оннан көз жумған көп
ғарғысқа қалар.
28 Залымлар лаўазымға көтерилсе,
журт бас саўғалар,
Олар қуласа, әдиллер көбейер.

# 29

1 Жийи ескертиўди тыңла-
май қасарысқан адам,
Күтилмегенде, шыпасыз өлип
кетер.
2 Әдиллер бийлик етсе, халық
қуўанар,
Залымлар бийлик етсе, халық
дад салар.
3 Даналықты сүйген әкесине
қуўаныш келтирер,
Бузықлар менен дос болған
байлығын шашар.
4 Патша әдалатлық пенен елди
беккемлер,
Пара алған оны қулатар.
5 Жақынына жағымпазланған,
Оның аяғы астына аў қурған
болар.
6 Залымның гүнасы өзине дузақ
болар,
Әдил шадланып бақырар ҳәм
қуўанар.
7 Әдил жарлылардың ҳуқықын
қорғар,
Залымның буған билими
жетпес.
8 Сурбетлер қаланы көтерилиске
түрткилер,
Даналар ашыў-ызаны басар.
9 Дана адам ақмақ пенен
қазыханада даўласса,
Ақмақ ашыўланар, күлер, ҳеш
маза бермес.
10 Қанхор адамлар минсизди жек
көрер,
Ҳақ адамлар оның өмирине
ғамхорлық етер.
11 Ақмақ бар ашыўын төгер,
Дана өзин өзи бийлер.

12 Егер ҳүкимдар жалған сөзге
қулақ салса,
Оның барлық ҳәмелдарлары
жаўызға айланар.
13 Жарлы менен езиўшиге ортақ
нәрсе мынаў:
Екеўиниң де көзине Жаратқан
Ийе нур берген.
14 Патша жарлыларға әдалатлы
ҳүким шығарса,
Оның тахты ҳәрдайым беккем
болар.
15 Таяқ ҳәм ескертиў даналық
берер,
Қараўсыз қалған бала анасын
уятқа қалдырар.
16 Залымлар көбейсе,
нызамсызлық көбейер,
Әдиллер болса, олардың
қулағанын көрер.
17 Баланды тәрбияла, ол саған
рәҳәт берер,
Жанынды қуўанышқа бөлер.
18 Көктен аян болмаса, халық
жүўенсиз болар,
Нызамға әмел қылған бахытлы
болар.
19 Қулды тек сөз бенен тәрбиялап
болмас,
Ол түсинеди, бирақ қулақ
салмас.
20 Ойланбай сөйлейтуғын адамды
көрдиң бе?
Сондай адамға қарағанда,
ақмақтан көбирек үмит
бар.
21 Қул балалығынан еркелетип
өсирилсе,
Ақырында басыңа бәле болар.
22 Ашыўлы адам жәнжел шығарар,
Қызба адам көп гүна қылар.
23 Менменлик адамды жер қылар,
Кишипейил ҳүрметке ийе болар.
24 Урыға шерик болған өз жанын
жаман көрер,
Ғарғысқа қалса да, билгенин
айтыўға батылы жетпес.
25 Адамнан қорқыў дузаққа
түсирер,
Жаратқан Ийеге үмит артқан
қәўипсиз болар.
26 Көплер ҳүкимдардың көзине
түсиўди қәлер,
Бирақ әдалат Жаратқан Ийеден
берилер.
27 Әдиллер ушын наҳақлар
жеркенишли,
Залымлар ушын ҳақ жүргенлер
жеркенишли.

### Агурдың сөзлери

**30** 1 Мыналар Яке улы Агур-
дың Итиелге, Итиел менен
Ухалға айтқан ҳикметли сөзлери:

2 Ырасында да, мен адамлар
арасындағы ең наданы
екенмен,
Адамға тән ақыл да жоқ менде.
3 Даналықты үйренген де емеспен,
Мухаддес Қудайды
танымайман да.
4 Ким бир рет болса да, көклерге
көтерилген ямаса төмен
түскен?
Ким алақанына самалды
жыйнап алған?
Ким суўды кийимине орап
алған?
Ким жердиң шегин орнатқан?
Оның аты ким? Улының аты
ким?
Билсең, маған айт!
5 Қудайдың ҳәр бир сөзи ҳақ,
Ол Өзин паналайтуғынлардың
қалқаны.

6 Оның сөзлерине ҳеш нәрсе
қоспа,
Қоссаң, Ол сени әшкаралар,
өтирикши болып қаларсаң.
7 Қудай, мен Сеннен еки нәрсе
сорайман,
Өлмесимнен бурын соларды
берши:
8 Мылжың сөзди ҳәм өтирикти
меннен аўлақ қыл,
Жарлылық та, байлық та
бермеши маған,
Тек бере гөр күнделикли
нанымды.
9 Тойынып кетип, Сеннен бас
тартып:
«Жаратқан Ийе деген ким
өзи?» – деп айтпайын,
Жарлыланып қалып урлық
ислеп,
Сениң атыңа дақ түсирип
жүрмейин.

10 Хызметкерин хожайынына
жаманлама,
Болмаса, ол сени ғарғап,
жазасын тартарсаң.
11 Сондай әўлад бар, әкесин
ғарғар,
Анасына да алғыс айтпас.
12 Сондай әўлад бар, өзин таза
санар,
Ҳәтте, қусығынан тазармаған
болса да.
13 Сондай әўлад бар,
тәкаббирленип бағар,
Ҳәмменің үстинен қарар.
14 Жарлыларды жер бетинен,
Мүтәжлерди адамлар арасынан
жалмап жутатуғын,
Тислери қылыш, азыўлары
пышақтай адамлар бар.
15 Сүликтиң еки қызы бар. «Бер,
бер», – деп бақырар олар.
Ҳеш қашан тоймайтуғын үш
нәрсе,
«Жетерли» демейтуғын төрт
нәрсе бар:
16 Өлилер мәканы, нәсилсиз
қурсақ,
Суўға қанбайтуғын топырақ
пенен өрт ҳеш қашан
«жетерли» демес.

17 Әкени мазақлайтуғын,
Анаға бойсыныўдан бас
тартатуғын көзди,
Ойпатлықтағы ғарғалар
шоқыйды,
Қара қустың палапанлары
жейди.

18 Мениң ақылым жетпейтуғын
үш нәрсе,
Мен түсинбейтуғын төрт нәрсе
бар:
19 Аспандағы бүркиттиң жолы,
Тас үстиндеги жыланның жолы,
Теңиз ортасындағы кемениң
жолы,
Еркектиң қызға баратуғын жолы.
20 Бузық ҳаялдың жолы да сондай.
Ол жеп болып, аўзын сүртип,
«Ҳеш жаманлық ислемедим», –
дер.

21 Жер үш нәрседен ләрзеге келер,
Төртеўин ол көтере алмас:
22 Қул патша болғанда,
Ақмақ асқа тойғанда,
23 Жағымсыз қыз турмысқа
шыққанда,
Шоры ханымының орнын
алғанда.

24 Жер бетинде төрт кишкене
нәрсе бар,
Бирақ олар даналардың
данасы:
25 Қумырысқа күшсиз жанзат,
Бирақ қыс азығын жазда
таярлар.
26 Даман[a] ҳәлсиз жанзат,
Бирақ өз инин жартасқа салар.
27 Шегирткеде патша жоқ,
Бирақ ҳәммеси сап тартып
жүрис қылар.
28 Кесирткени қол менен услаўға
болар,
Бирақ ол патша сарайында да
бола алар.

29 Қәдеми саўлатлы үш нәрсе,
Жүриси айбатлы төрт нәрсе
бар:
30 Ҳайўанлардың ең күшлиси
арыслан,
Ҳеш нәрседен қаймықпас.
31 Мәкийенлер алдындағы қораз,
Сүриў алдындағы теке,
Ордасының басындағы патша.

32 Егер менменлик етип ақмақлық
қылған,
Ямаса жаманлық ойлаған
болсаң,
Аўзыңды қолың менен жап.
33 Сүтти гүбиге писсе май шығар,
Мурынға урса қан шығар,
Сол сыяқлы, ашыўды қозғаса
жәнжел шығар.

## Лемуелдиң айтқанлары

31 1 Патша Лемуелдиң ҳикметли сөзлери, анасының оған үйреткенлери:

2 Балам, қурсағымнан шыққан
балам!
Балам, ўәде берип, тилеп
алғаным!
3 Күшиңди ҳаялларға жумсама,
Патшаларды набыт
қылатуғынларға
жаслығыңды сарп қылма.

4 Лемуел, патшаларға шарап
ишиў жараспас,
Ҳүкимдарларға өткир
ишимликти аңсаў
жараспас.
5 Ишкенде, олар нызамды
умытар,
Езилгенлерден ҳуқықын
тартып алар.
6 Өткир ишимликти өлип
баратырғанға,
Шарапты руўхы қыйналғанға
бер.
7 Ол ишип, жарлылығын
умытсын,
Қайғы-ҳәсиретин енди еске
алмасын.
8 Аўзыңды өз ҳуқықын қорғай
алмайтуғынлар ушын,
Езилгенлерди қорғаў ушын аш.
9 Аўзыңды әдил ҳүким шығарыў
ушын,
Жарлы ҳәм мүтәждиң исин
қорғаў ушын аш.

## Уқыплы ҳаял

10 Жақсы ҳаялды ким таба алар?
Ол қымбатбаҳа таслардан да
қымбат.
11 Күйеўи оған шын жүректен
исенер,
Ҳеш нәрседен мүтәжлик көрмес.

---

a **30:26** *Даман* – сурокқа уқсайтуғын ҳайўан.

12 Ол күйеўине жаманлық емес,
Бир өмир жақсылық қылар.
13 Ол жүн ҳәм зығыр табар,
Рәҳәтленип, өз қоллары менен
ислер.
14 Ол саўдагердиң кемесине уқсар,
Нанын узақтан алып келер.
15 Ол таң атпай турып,
Хожалығы ушын аўқат таярлар,
Шорыларына да тапсырма
берер.
16 Атызды көзден кеширип, сатып
алар,
Еңбегиниң түсиминен жүзим
отырғызар.
17 Белин беккем бууўып,
Қолларына күшин жыйнар.
18 Ол исиниң пайдалы екенин
билер,
Шырасы түнде де өшпес.
19 Қолларын шарыққа қояр,
Бармақлары менен уршық
ийирер.
20 Жарлыларға қолын созар,
Мүтәжлерге қол берер.
21 Үй-ишин ойлап, қардан қорқпас,
Үйиндегилер қырмызы кийим
кийген.
22 Ол өзи ушын төсек тигер,
Кийимлери шым қызыл ҳасыл
зығырдан.
23 Күйеўиниң атағы кең жайылып,
Ел ақсақаллары менен кеңес
қурар.
24 Ҳаял зығырдан кийим тигип
сатар,
Саўдагерлерди қайыс пенен
тәмийинлер.
25 Күш ҳәм абырай оның кийими,
Шад болып бағады ертеңги
күнге.
26 Ол даналық пенен сөйлер,
Меҳир менен нәсият қылар.
27 Хожалық ислерин бақлап
барар,
Мийнетсиз нан жемес.
28 Балалары турып, рахмет айтар,
Күйеўи де былай деп оны
мақтар:
29 «Жақсы ҳаяллар көп,
Бирақ сен ҳәммесинен
артықсаң».
30 Сүйкимлилик алдамшы,
сулыўлық өткинши,
Бирақ Жаратқан Ийеден
қорқатуғын ҳаял мақтаўға
ылайық.
31 Оған мийнетине жараса сый
бериңлер,
Ислери қала дәрўазасы
алдындағы кеңесте
тәрийипленсин!

# Ўазшы китабы

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Бул китап инсан өмириниң мақсети ҳәм мәниси ҳаққында терең ой жуўыртқан дана Ўазшының пикирлеринен ибарат. Мухаддес Китап алымларының пикири бойынша, Ўазшы – патша Сулайман. Ғаррылық жасқа барып қалған Ўазшы өз басынан кеширгенлерине нәзер таслап, дүньяның ислери ҳаққында пикир жүритеди. Оның нәзеринде бул дүнья инсан түсинбейтуғын, басқаларға да түсиндириў қыйын болған мәселелерге толы. Ўазшының тастыйықлаўы бойынша, өлимниң аржағына ҳеш ким нәзер таслай алмайды.

Ўазшы дүньяға нәзер таслар екен, инсан биресе ана нәрсениң, биресе мына нәрсениң изинен қуўғанын көреди. Адамзат дүньяны өзине бойсындырмақшы болып, оның сырларын билиўге умтылады. Инсан дүньяның ең әҳмийетли нызам ҳәм қағыйдаларын өзгерте алатуғындай, өз тәғдирин шеше алатуғындай мийнет қылыўдан шаршамайды. Ўазшы адамзаттың өз арзыў-әрманларын жүзеге асырыўға бийкарға умтылып атырғанын көреди, бирақ оның нәзеринде бул арзыў-әрманлар бийҳуда, самалдың изинен қуўғандай еди.

Ўазшы бизлерге ҳәмме нәрсени қандай болса, сондайлығынша қабыл қылыўды үйретеди. Барлық нәрсени Қудай Өз мақсети бойынша тайынлаған, олардың ҳәммесин, ҳәттеки, адамзаттың кемшиликлерин де Қудай белгилеген. Соның ушын, адам сабырлы болып, Қудайдың берген өмиринен кеўилленип жасаўы тийис. Адам өз уқыпларының шегараланғанын тән алыўы, күши жетпейтуғын нәрселерге умтылып, қайғыларын арттырмаўы керек. Ең әҳмийетлиси Ўазшының мына жуўмаққа келиўи: «Қудайдан қорқ, Оның буйрықларын орынла! Бул ҳәр бир адамның парызы. Қудай ҳәр бир исти, жасырын исленген жақсы-жаман ислердиң ҳәммесин ҳүким қылады» (12:13-14).

### Жумбақлы дүнья

1 [1] Булар Даўыттың улының, Ерусалимде патшалық еткен Ўазшының сөзлери:

2 «Бийҳуда, бийҳуда, – дейди
Ўазшы, – ҳәммеси бийҳуда!»

3 Қуяш астында ислеген барлық
мийнетинен,
Адам не пайда табар?
4 Бир әўлад кетер, бир әўлад
келер,
Ал дүнья мәңгиге усылай қала
берер.
5 Күн шығар, күн батар,
Кейин ол шыққан орнына
қайтыўға асығар.
6 Самал қублаға есер, кейин
арқаға айланар.
Ол айланып-айланып есип,
Қайтып өз жолына түсер.
7 Барлық дәрьялар теңизге қуяр,
Бирақ теңиз ҳеш толмас.
Дәрьялар аққан жаққа
қайтадан аға берер.
8 Ҳәмме нәрсе жалықтырады,
Адам оларды сөз бенен жеткере
алмас.
Көз көриўден,
Қулақ еситиўден тоймас.
9 Алдын не болған болса, және
болар.
Не қылынған болса, және
қайталанар.
Қуяш астында ҳеш қандай жаңа
нәрсе жоқ.
10 Қандай да бир нәрсе бар ма:
«Қараңлар, мынаў жаңалық-
ғо», – деп айта алғандай?
Бирақ ол нәрсе де әййемнен,
бизлерден әсирлер алдын
бар еди.
11 Бурын болғанлар еске алынбас,
Келешекте болатуғынлар
да олардан кейингилер
арасында еске алынбас.

### Даналық излеўдиң пайдасы жоқ

12 Мен, Ўазшы, Ерусалимде Изра-
ил патшасы едим. 13 Өзимди аспан
астында исленип атырған нәрсе-
лердиң ҳәммесин даналық пенен
изертлеўге ҳәм үйрениўге бағыш-
ладым. Қудайдың адам баласына
берген жүги қандай аўыр! 14 Мен
қуяш астында исленип атырған
барлық ислерди көрдим: олардың
ҳәммеси бийҳуда, ҳәммеси самал-
дың изинен қуўғанға уқсайды екен.

15 Қыйсайған нәрсени дүзетип
болмас,
Жоқ нәрсени санап болмас.

16 Мен өзиме өзим былай дедим:
«Мине, мен уллылықта ҳәм дана-
лықта Ерусалимде өзимнен алдын
бийлик еткенлердиң ҳәммесинен
де илгерилеп, озып кеттим. Мол
даналық ҳәм билимди ийелеп ал-
дым». 17 Мен өзимди даналықты
билиўге, және ақылсызлық пенен
ақмақлықты билиўге бағышладым.
Сонда буның да самалдың изинен
қуўғанға уқсайтуғынын түсиндим.

18 Көп билген сайын, қапашылық
та көбейер.
Көп түсинген сайын, дәрт те
асып барар.

### Кейпи-сапаның бийҳудалығы

2 [1] Мен өзиме: «Қәне, енди рә-
ҳәтленип, кеўил-хошлық етип

көрейин», – дедим. Бирақ ол да
бийҳуда екен. 2 Мен күлки ҳақ-
қында: «Ақылсызлық», – дедим,
ал кеўил-хошлық ҳаққында: «Не
кереги бар?» – дедим. 3 Даналығым
басшылығында денемди шарап пе-
нен сынап көриў ушын ақмақлыққа
берилиўди шештим. Усылайынша,
адамлар аспан астындағы қысқа
өмиринде нелерди ислесе пайдалы
болатуғынын билмекши болдым.
4 Мен уллы ислер иследим: өзи-
ме үйлер қурдым, жүзим бағла-
рын өсирдим, 5 бағлар ҳәм сулыў
тоғайлар жараттым, ол жерлерге
түрли мийўе ағашларын отырғыз-
дым, 6 Ағашларды суўғарыў ушын
ҳәўизлер қурдым, 7 қул ҳәм шоры-
лар сатып алдым, үйимде туўылған
қул ҳәм шорыларым да бар еди, ири
ҳәм майда малларым да соншелли
көп еди. Меннен алдын Ерусалимде
жасағанлардың ҳеш биринде бун-
шелли көп мал болмаған. 8 Өзи-
ме гүмис ҳәм алтын жыйнадым,
патшалардан ҳәм ўәлаятлардан ғә-
зийне топладым, ҳаял ҳәм еркек қо-
сықшыларға ийе болдым, еркекке
унайтуғын сулыў тоқалларды алып
кеўлимди хошладым. 9 Солай етип,
мен уллылыққа ерисип, өзимнен
алдын Ерусалимде жасағанлардың
ҳәммесинен асып түстим. Даналы-
ғым да мени тәрк етпеди.

10 Көзим түсип, унатқанның
ҳеш қайсысынан бас
тартпадым.
Кеўлим күсеген нәрсеге шек
қоймадым.
Қылған ҳәр бир исимнен
кеўлим хош болды.
Пүткил мийнетиме берилген
пай усы болды.
11 Бирақ өз қолларым менен
ислеген ислериме,
Қылған ҳәмме мийнетлериме
қарасам,
Булардың ҳәммеси бийҳуда,
самалдың изинен
қуўғандай нәрсе екенин,
Қуяш астында ҳеш қандай
пайдалы нәрсе жоқ екенин
көрдим.

### Даналық ҳәм ақылсызлық

12 Соннан кейин, және даналық,
ақылсызлық ҳәм
ақмақлықтың не екенин
көрмекши болдым.
Патша мийрасхоры әлле қашан
исленген ислерден басқа
нелер ислей алар еди?
13 Жақтылықтың қараңғылықтан
жақсырақ болғаны сыяқлы,
Даналықтың да
ақылсызлықтан жақсырақ
екенин көрдим.
14 Дана жүрер жолын билер,
Ал ақылсыз қараңғылықта
жүрер.
Бирақ мен екеўиниң де
өмириниң ақыбетиниң
бирдей екенин түсиндим.
15 Сонда мен ишимнен былай
дедим: «Ақылсыздың
басына не түссе, мениң
басыма да сол түседи.
Онда жүдә ақыллы болыўдың
не кереги бар?»
Және өзиме өзим: «Бул да
бийҳуда», – дедим.
16 Ақылсыз да, дана да,
Узақ есте сақланбайды,
Екеўи де тез арада умытылады.
Дана да ақылсыз бенен бирдей
өлим көрмей ме?

17 Усылайынша мен өмирди жек
көрдим.
Себеби қуяш астында исленген
ҳәр бир ис маған жүдә
қайғылы көринди.
Ҳәммеси бийҳуда, самалдың
изинен қуўғандай нәрсе
екен.

### Мийнеттиң бийҳудалығы

18 Мен қуяш астында ислеген пүт-
кил мийнетимди жек көрдим. Себе-
би оларды өзимнен кейинги адамға
қалдырыўым керек еди. 19 Ол да-
на бола ма, ақылсыз бола ма, ким
биледи? Бәри бир ол мениң қуяш
астында мийнет етип, ақыл ме-
нен ерискенлеримниң ҳәммесине
ийелик қылады. Бул да бийҳуда.
20 Сонлықтан мен қуяш астында ис-
леген барлық мийнетлериме ашына
басладым. 21 Адам даналығы, били-
ми ҳәм уқыбы менен мийнет етеди,
кейин булардың ҳәммеси, тап оның
пайы сыяқлы буларға ҳеш мийне-
ти сиңбеген адамға қалыўы керек
болады. Бул да бийҳуда, бул – ул-
лы азап! 22 Қуяш астында ислеген
мийнетинен ҳәм урыныўларынан
адам неге ериседи? 23 Оның барлық
күнлери дәртке, жумыслары қай-
ғыға толы, ҳәтте, жүреги түнде де
тынышланбайды. Бул да бийҳуда.
24 Адам ушын ишип-жеўден, ис-
леген мийнетинен рәҳәтлениўден
артық нәрсе жоқ екен. Булардың да
Қудайдан берилгенине көзим жетти.
25 Ақыры, Ол бермесе, ким жей ала-
ды, ким рәҳәтлене алады? 26 Өзине
ылайықлы болғанларға Қудай да-
налық, билим ҳәм қуўаныш бере-
ди. Ал гүнакарларға болса, байлық
арттырып жыйнаў исин тапсырады.
Соңынан Өзине ылайықлы болған
адамларға оның жемисин береди.
Бул да ақылға сыймайды, бул да
самалдың изинен қуўғандай нәрсе.

### Ҳәр нәрсениң ўақты бар

3 1 Ҳәр нәрсениң өз мәҳәли бар,
қуяш астындағы ҳәр истиң
өз ўақты бар.
2 Туўылыўдың да, өлиўдиң де өз
ўақты бар.
Егиўдиң де, егисти жыйнаўдың
да өз ўақты бар.
3 Өлтириўдиң де, шыпа бериўдиң
де өз ўақты бар,
Бузыўдың да, қурыўдың да өз
ўақты бар.
4 Жылаўдың да, күлиўдиң де өз
ўақты бар,
Жоқлаў айтып жылаўдың да,
ойынға түсиўдиң де өз
ўақты бар.
5 Тас атыўдың да, оны жыйнаўдың
да өз ўақты бар,
Қушақласыўдың да, оннан өзин
тыйыўдың да өз ўақты бар.
6 Излеўдиң де, жоғалтыўдың да өз
ўақты бар,
Сақлап қойыўдың да, таслап
жибериўдиң де өз ўақты бар.
7 Жыртыўдың да, тигиўдиң де өз
ўақты бар,
Үндемеўдиң де, сөйлеўдиң де өз
ўақты бар.
8 Сүйиўдиң де, жек көриўдиң де
өз ўақты бар,
Урыстың да, тынышлықтың да
өз ўақты бар.

9 Жумысшы ислеген мийнетинен
қандай пайда табады? 10 Инсанлар-
дың тер төгиўи ушын, Қудай берген
аўыр жумысларды көрдим. 11 Қудай

ҳәмме нәрсени өз ўақтында әжа-
йып етип жаратты. Ол адамларға
дәўирди түсиниў мүмкиншилигин
берди. Сонда да адам Қудайдың
ислеген ислерин басынан ақыры-
на дейин түсине алмайды. [12] Адам
ушын өмирде рәҳәтленип жасаў-
дан ҳәм жақсылық ислеўден артық
ҳеш нәрсениң жоқ екенин билдим.
[13] Егер адам ишип-жесе ҳәм өз мий-
нетиниң рәҳәтин көрсе, бул оған
Қудайдан берилген сый. [14] Және
де, Қудай ислеген ҳәр бир истиң
мәңгиге өзгермейтуғынын билдим.
Оннан ҳеш нәрсе алынып, оған ҳеш
нәрсе қосылмайды. Қудай адамлар-
дың Өзинен қорқыўы ушын усы-
лай иследи.

15 Ҳәзир не болса, өтмиште де сол болды,
Келешекте болатуғынлар ҳәзир де болып атыр,
Қудай болып өткенлерди және қайтарар.
16 Мен қуяш астында мына нәрсени:
Әдалат қарар табыўы тийис орында нызамсызлықты,
Әдиллик иске асыўы тийис орында жаўызлықты көрдим.
17 Сонда мен ишимнен:
«Қудай жақсыны да, жаманды да ҳүким қылады.
Ол ҳәр бир нәрсе ҳәм ҳәр бир ис ушын,
Ҳүким қылатуғын ўақыт белгилеген», – дедим.

[18] Және, адамлар туўралы ишим-
нен былай дедим: «Қудай адамлар-
дың өзлериниң де ҳайўанлардай
екенин көрсетиўи ушын, оларды
сынайды». [19] Ҳайўанлардың басына
түскен нәрсе адамлардың да басына
түседи: ҳайўанлар да өледи, адам-
лар да өледи. Екеўинде де бирдей
жан бар, адамның ҳайўаннан үс-
тинлиги жоқ. Аўа, ҳәммеси бий-
ҳуда. [20] Екеўи де бир жерге барады,
топырақтан жаратылған, топырақ-
қа қайтады. [21] Адам баласының
руўхы жоқарыға көтериле ме, ҳай-
ўанның руўхы төменге, жер астына
кире ме, буны ким биледи? [22] Сонда
мен адам ушын өз мийнетинен рә-
ҳәтлениўден басқа жақсы нәрсениң
жоқ екенин түсиндим. Оның пайы-
на тийген нәрсе усы. Өзинен кейин
бул дүньяда не болатуғынын оған
ким көрсете алады?

### Дүньядағы қыйыншылықлар

4 [1] Мен қуяш астында болып атырған езиўшиликлерди көрдим:
Жәбирленгенлердиң көз жасларын көрдим,
Оларды жубатыўшы жоқ еди.
Күш езиўшилер тәрепинде еди.
Ал езилгенлерге тәселле бериўши де жоқ.
2 Сонда мен өлип кеткен марҳумлардың жағдайының,
Тирилердиң жағдайынан жақсырақ екенин түсиндим.
3 Бирақ еле туўылмағанлар,
Булар екеўинен де бахытлырақ.
Олар қуяш астында исленип атырған жаўыз ислерди көрмеди.

[4] Мен және адамның пүткил
мийнети ҳәм истеги жетискенли-
ги адамлар арасында қызғаныш
туўдыратуғынын көрдим. Бул да

бийҳуда, бул да самалдың изинен қуўғанға уқсайды.

5 Ақылсыз қолларын қаўсырып алып, өзиниң етин өзи жейди.
6 Тынышлық пенен алынған бир уўыс зат,
Самалдың изинен қуўып, аўыр мийнет етип тапқан бир қосуўыс заттан жақсырақ.

## Жалғызлықтың бийҳудалығы

7 Мен қуяш астында және бир бийҳудалықты көрдим:
8 Бир жалғыз баслы адам бар еди.
Оның перзенти де, туўысқаны да жоқ еди.
Ол тыным таппай мийнет етер,
Көзлери де байлыққа тоймас еди.
Ол өзинен: «Мен ким ушын мийнет етип,
Өзимди рәҳәтлениўден маҳрум етип атырман?» – деп сорамайды.
Бул да бийҳуда, аўыр бир дәрт.

9 Биреўден екеў жақсы,
Олар мийнетине жақсы сый алады.
10 Егер биреўи қуласа, екиншиси турғызады.
Ал егер жалғыз адам қуласа,
Оны турғызатуғын адам болмайды.
11 Еки адам бирге жатса, жыллы жатады.
Ал жалғыз жатқан адам қалай жылынады?
12 Егер биреў жалғыз болса, жеңилер,
Екеў болса, қарсы тура алар.
Үш жиптен есилген арқан тегинликте үзилмес.

## Жоқарылаўдың бийҳудалығы

13 Берилген кеңеске қулақ ас-
пайтуғын ақылсыз ғарры патша-
дан, жарлы, бирақ ақыллы жигит
жақсырақ. 14 Сондай жигит пат-
шалықта жарлы болып туўылып,
қамақханада отырған болса да, ол
қамақханадан шығып, патша бо-
лып көтерилиўи мүмкин. 15 Мен қу-
яш астында жасап атырған ҳәр бир
адамның патшаның орнына отыр-
ған сондай жигиттиң изине ергенин
көрдим. 16 Оның изине ерген халық
есап-сансыз болса да, кейинги ур-
пақлардың оған кеўли толмайды.
Аўа, бул да бийҳуда, бул да самал-
дың изинен қуўғанға уқсайды.

## Қудай менен қарым-қатнас

17 Қудайдың Үйине барғанда, қә-
демиңди ойлап бас! Ол жерге ис-
леген жаманлығының парқына
бармайтуғын ақылсызлар сияқ-
лы тек қурбанлық бериў ушын бар-
ғаннан гөре, тыңлаў ушын барған
жақсырақ.

5 1 Тилиң сөйлеўге асықпасын.
Қудайдың алдында сөз сөйлеўге жүрегиң асықпасын.
Қудай аспанда, сен болсаң, жердесең.
Сонлықтан гәпиң қысқа болсын.
2 Машқала көп болғанда, адам көп түс көретуғыны сияқлы,
Көп сөйлегенде, ақылсызлық жүзеге келеди.
3 Қудайға ўәде берсең, оны орын-
лаўды кешиктирме. Ол ақылсыз-
ларды унатпайды. Ал сен ўәдеңди

орынла. 4 Ўәде берип, орынлама-
ғаннан гөре, ўәде бермегениң жақ-
сырақ. 5 Тилиңниң сени гүнаға
баслаўына жол қойма ҳәм Қудай-
дың руўханийине: «Ўәде берип, қәте
қылдым», – деме. Сөзлериң менен
Қудайдың ғәзебин келтирме. Бол-
маса, Ол қолларың менен ислеген
ислериңди жоқ қылады. 6 Көп сөй-
леў де, көп түс көриў де пайдасыз.
Жақсысы, Қудайдан қорқ!

### Байлықтың бийҳудалығы

7 Егер сен бир жерде жарлыға зу-
лымлық қылынып, әдиллик ҳәм
ҳақлықтың аяқ асты етилип атыр-
ғанын көрсең, буған ҳайран бол-
ма. Себеби ҳәмелдардың үстинен
қадағалаўшы үлкени бар, ал олар-
дың үстинен қадағалаўшы олардан
да үлкениреги бар. 8 Ҳәр бир адам
жердиң өнимине өш, ҳәтте, патша
да атыздан алынған өнимнен өзи-
ниң пайын алады.

9 Пулды сүйген, пулға тоймас,
Байлықты сүйген байлыққа
тоймас.
Бул да бийҳудалық.
10 Мал-дәўлет көбейсе, оларды
ислетиўшилер де көбейеди.
Сонда байлықтың ийеси өз
байлығына телмирип,
қызықсынып қараўдан
басқа не пайда табады?
11 Жумысшы аз жесе де, көп жесе
де тыныш уйықлайды.
Ал байды байлығы уйқыдан
маҳрум қылады.

12 Мен қуяш астында және
бир қайғылы ўақыяны
көрдим:
Жыйналған байлық ийесине
зыян келтирди.
13 Бул байлық әўметсизлиги
себепли жоқ болып кетти,
Улы туўылғанда,
Улына ҳеш нәрсе қалдыра
алмады.
14 Адам анадан қалай жалаңаш
туўылған болса,
Бул дүньядан да солай кетеди.
Ислеген мийнетиниң жемисинен
Ҳеш нәрсени де қолларына
алып кете алмайды.
15 Мынаў да аўыр қайғылы нәрсе:
Адам қалай келген болса, солай
кетеди.
Онда қуры далаға мийнет
етиўдиң не кереги бар?
16 Ол өмир бойы нанын
қараңғылықта жейди,
Қыйыншылықты, кеселликти
ҳәм ашыўшақлықты
бастан кеширеди.

17 Мен инсан ушын жақсы ҳәм
әжайып нәрсе – бул Қудайдың өзине
берген қысқа өмири ишинде ишип-
жеў, қуяш астында ислеген барлық
мийнетиниң рәҳәтин көриў екенин
билдим. Инсанға тийген пай – усы.
18 Егер Қудай адамға мал-мүлик ҳәм
байлық берсе, оған усы нәрселер-
ден пайдаланыўға, өз үлесин алып,
мийнетинен рәҳәтлениўге жол аш-
са, онда бул Қудайдан берилген сый.
19 Қудай оның жүрегин қуўанышқа
толтырып қойғанлықтан, бундай
адам қанша өмири кетип, қаншасы
қалғанлығы туўралы кем ойлайды.

### Адамлар ушын не жақсы?

6 1 Мен қуяш астында адамлар
арасында болып туратуғын,
аўыр бир апатты көрдим: 2 Қудай

адамға байлық, мал-мүлик, атақ-
абырай береди. Ол кеўли күсегени-
ниң ҳәммесине ийе болады. Бирақ
Қудай оған соның қызығын көриўге
имканият бермейди ҳәм булардың
барлығы басқаға буйырады. Бул да
бийҳуда, бул – қайғылы бир дәрт.
3 Егер бир адамның жүз баласы
болса ҳәм ол узақ өмир сүрсе, би-
рақ ол өмирдиң рәҳәтин көрмесе
ҳәм өлигин көмгендей адам бол-
маса, онда мен өли туўылған бала
оннан бахытлырақ дер едим. 4 Өли
туўылған бала бийкарға дүньяға ке-
лип, қараңғылық ишинде дүньядан
өтеди, аты да қараңғылыққа көми-
леди. 5 Ол, ҳәтте, қуяшты көрген де,
билген де жоқ. Бирақ өли туўыл-
ған баланың жағдайы сол адам-
ның жағдайынан жақсырақ. 6 Сол
адам, ҳәтте, мың жылдан еки рет
өмир сүрсе де, рәҳәт көрмейди. Бәри
бир ҳәмме де бир жерге бармай ма?

7 Адамның барлық мийнети
қарынды тойдырыў ушын,
Бирақ ашкөзликтен кеўил
тоймайды.
8 Дананың ақылсыздан қандай
артықмашлығы бар?
Жарлыға өмирде өзин қалай
тутыўды билгенинен не
пайда?
9 Өзинде жоқты күсегеннен, барға
қанаат еткен жақсырақ.
Ол да бийҳуда, ол да самалдың
изинен қуўғандай нәрсе.

10 Бар нәрсениң ҳәммесине әлле
қашан ат қойылған.
Адамның да тәғдири белгили.
Ҳеш ким өзинен күшли болған
менен қасарыса алмайды.
11 Сөз көп болса, бийҳудалық
көбейер.
Буннан адамға не пайда?
12 Сая сыяқлы өтип кететуғын
өмириниң мәниссиз күнлеринде
адам ушын нениң жақсы екенин
ким биледи? Өзинен кейин қуяш
астында не болатуғынын адамға
ким айта алады?

## Даналық

7 1 Жақсы ат қымбатбаҳа әтир
майынан,
Өлим күни болса, туўылған
күннен жақсырақ.
2 Той берип атырған үйге
барғаннан,
Жоқлаў айтылып атырған үйге
барған жақсырақ.
Ҳәмmениң өмири өлим менен
жуўмақланады.
Адам тири ўақтында буны
жүректе сақласын.
3 Қайғы күлкиден жақсырақ.
Қайғы өмирден баҳалы сабақ
береди.
4 Дананың ойы жоқлаў айтылып
атырған үйде,
Ақылсыздың ойы тойлап
атырған үйде.
5 Дананың кейиўи,
Ақылсыздың мақтаўынан
жақсырақ.
6 Ҳақыйқаттан да ақылсыздың
күлкиси
Қазан астында жанған
отынның сытырлысына
уқсайды.
Бул да бийҳуда.

7 Басқаларды жәбирлеў дананы
ақылынан айырар,
Пара жүректи азғырар.

8 Тамамлаў баслаўдан жақсырақ,
Сабырлылық менменликтен
жақсырақ.
9 Ашыўланыўға асықпа,
Ашыў ақылсызлардың
жүрегине уя салады.

10 «Не ушын өтмишим бүгинимнен
жақсы еди?» – деп сорама.
Бул сораў даналыққа тән емес.

11 Даналық мийрас сыяқлы жақсы,
Ол қуяшты көрип турған хәр
бир адам ушын пайдалы.
12 Байлық адамды қалай қорғаса,
Даналық та адамды солай
қорғайды.
Бирақ билимниң артықмашлығы
мынаў:
Даналық өз ийесиниң өмирин
сақлайды.

13 Қудайдың ислерине нәзер сал.
Ол қыйсайтқан нәрсени ким
дүзете алады?
14 Жақсы күнлеринде оннан
рәхәтлен,
Жаман күнлеринде мынаған ой
жүўырт:
Адам ертең не болатуғынын
биле алмаўы ушын,
Жақсы күнди де, жаман күнди
де Қудай жаратқан.

15 Мен усы бийхуда өмирим
даўамында хәмме нәрсени
көрдим:
Ҳақ адам әдил бола тура, ерте
өлип кетеди,
Ал жаман адам жаман бола
тура, узақ өмир сүреди.
16 Сонлықтан аса әдил де, аса дана
да болма.
Өзиңди өзиң қуртыўдың не
кереги бар?
17 Ҳәдден тыс жаман да, ақылсыз
да болма.
Әжелиң жетпей, өлиўдиң не
кереги бар?
18 Биреўин тут,
Екиншисинен де қол үзбе.
Қудайдан қорққан адам екеўин
де басшылыққа алады.

19 Даналық дананы қаланың
он хүкимдарынан да
күшлирек қылады.
20 Жер бетинде бәркулла
жақсылық ислеп,
Ҳеш гүна қылмай жүрген әдил
адам жоқ.

21 Адамлар айтып атырған хәмме
сөзлерге дыққат аўдара
берме,
Болмаса қулыңның өзиңди
жаманлап атырғанын
еситип қалыўың мүмкин.
22 Өзиңниң де басқа адамларды,
Көп мәрте жаманлағаныңды
ишиң биледи.

23 Булардың хәммесин даналығым
менен сынап көрдим.
Өзиме өзим: «Дана боламан», –
дедим.
Бирақ даналық меннен алыс
еди.
24 Даналық деген нәрсе,
Жүдә узақ хәм жүдә тереңде.
Оны ким таба алады?
25 Мен даналықты хәм барлықтың
мазмунын излеп табыўға,
Изертлеп, терең түсиниўге
өзимди бағышладым.
Жаўызлықтың ақылсызлық,

Ақылсызлықтың телбелик
екенин билмекши болдым.

26 Және мен мынадай ҳаялды
өлимнен де ашшы деп
таптым:
Оның өзи – дузақ, жүреги тор,
ал қоллары кисен.
Қудайға унамлы болған адам
оннан қашады,
Ал гүнакар оған тутқын болады.

27 Мине, мен мынаны үйрендим, –
дейди Ўазшы.
– Көп нәрсени изертлеп,
Мынаны түсиндим:
28 Жүрегим еле излеген нәрсесин
таба алмады:
Мыңнан бир ҳақ еркекти
таптым,
Бирақ бирде бир ҳақ ҳаялды
таба алмадым.
29 Мен тек мына нәрсени аңладым:
Қудай адамды ҳақ етип
жаратты,
Бирақ адамлар жүдә көп
надурыс ой-қыялларда.

8 1 Ким дана адамға уқсайды?
Ҳәмме нәрсениң мәнисин ким
түсине алады?
Даналық адамның жүзин
жайнатады,
Оның бетиндеги қаталлықты
жумсартады.

### Патшаға бойсыныңлар

2 Мен былай деймен: патшаның
айтқанларына қулақ сал, себеби
Қудай оған ант ишкен. 3 Патша-
ның алдынан кетиўге асықпа ҳәм
патшаға қарсы тил бириктириў-
шилерге қосылма. Ол қәлегениниң
ҳәммесин ислей алады. 4 Патша-
ның сөзинде қудирет бар, ҳеш ким
оған: «Сиз не ислеп атырсыз?» –
деп айтпайды.

5 Буйрықты орынлағанлар зыян
көрмейди.
Дана адам дурыс нәрсени
ислеў ўақтын да, жолын да
биледи.
6 Ҳәр бир истиң өз ўақты ҳәм
қағыйдасы бар.
Сондай болса да, адам ушын
қыйыншылықты көтериў
жүдә аўыр.
7 Келешекте не болатуғынын
адам билмейди,
Буның қалай болатуғынын
оған ким айта алады?
8 Ҳеш кимниң самалды услап
алып,
Оған бийлик етиўге күши
жетпегенлиги сыяқлы,
Өлим күни үстинен бийлик
етиўге де,
Ҳеш кимниң күши жетпейди.
Урыстан қашыўға
болмайтуғынлығы сыяқлы,
Жаўызлық та жаўызлық
ислеўши адамды қутқара
алмайды.

9 Мен булардың ҳәммесин көрдим
ҳәм қуяш астында болып атырған
ҳәмме нәрсеге дыққат аўдардым:
адам адамға ҳүкимдарлық еткен
ўақытта, бир-бирине зыян кел-
тиргенин көрдим. 10 Кейин жаман
адамның қалай жерленгенин көр-
дим. Мухаддес орынға келип-ке-
тип жүрген сол адамлар өзлери
жаманлық қылған қалада мақтаў
алды. Бул да бийҳуда.

11 Жынаят ушын тез жаза бе-
рилмесе, адам баласының жүреги
жаманлық ислеўге қумар бола-
ды. 12 Гүнакар жүз мәрте гүна ис-
леп, узақ өмир сүрсе де, Қудайдан
қорққанлардың ҳәм Оның алдын-
да ҳадал жүргенлердиң жақсы-
лық көретуғынын анық билемен.
13 Ал жаман адам Қудайдан қорқ-
пағаны ушын жақсылық көрмей-
ди ҳәм оның саяға уқсаған өмири
узақ болмайды.

14 Жер бетинде ақылға сыймай-
туғын мынадай нәрсе де бар: гей-
де әдил адамлар жаман адамларға
тийисли болған жазаны алады, ал
әдил адамларға тийисли ҳүрметти
жаман адамлар алады. Мен: «Бул
да бийҳуда, түсиниксиз нәрсе», –
деймен. 15 Сонлықтан мен кеўил
көтериўди артық көрдим. Қуяш
астында адам ушын ишип-жеп, ке-
ўил көтериўден артық бахыт жоқ.
Қуяш астында Қудайдың адамға
берген өмири даўамында ислеген
мийнетинен оған қалатуғыны усы.

16 Мен өзимди даналықты билиў-
ге ҳәм жер бетинде күни-түни уйқы
көрмей исленип атырған ислерди
түсиниўге бағышладым. 17 Сон-
да мен Қудайдың ҳәмме ислерине
ой жуўырттым. Ҳеш ким қуяш ас-
тында болып атырған нәрселерге
түсинбейди. Ол қанша урынса да,
буған ерисе алмайды. Дана адам
буны билетуғынын айтса да, ол бу-
ның түбине жете алмайды.

### Адамлар Қудайдың қолында

**9** 1 Солай етип, булардың ҳәмме-
син үйренип, мына жуўмаққа
келдим: әдиллер, даналар ҳәм олар
ислеген ҳәр бир ис Қудайдың қолын-
да. Оларды Қудай ұната ма, унатпай
ма, буны адам билмейди. 2 Ҳәр бир
адамның ақыбети бирдей болады.
Әдил адам менен жаўыз адамның да,
жақсы адам менен жаман адамның
да, ҳадал адам менен ҳарам адамның
да, қурбанлық беретуғын адам менен
қурбанлық бермейтуғын адамның
да ақыбети бирдей болады.

Жақсы адамға не болса,
гүнакарға да сол болады.
Ант ишкенге не болса, ант
ишиўден қорққанға да сол
болады.

3 Қуяш астында болып атырған
ислердиң ҳәммесиниң ишинде қай-
ғылысы мынаў: ҳәмелениң тәғдири
бирдей. Адамлардың жүреги жа-
ўызлыққа толған ҳәм олар өмир
сүрген дәўиринде ақмақлық ис-
лейди. Кейин олар өлилердиң жа-
нына кетеди. 4 Бирақ тири жүрген
ҳәр бир адам ушын үмит бар. Аўа,
өли арысланнан тири ийт жақсы.

5 Тирилер өлетуғынын биледи,
Ал өлилер ҳеш нәрсени
билмейди.
Оларға артық сый жоқ,
Олар енди ҳеш еске алынбайды.
6 Өлгенлердиң сүйиспеншилиги,
жек көриўшилиги,
Қызғанышлары әлле қашан
өтип кетти.
Олар қуяш астында болып
атырған нәрселерге,
Енди араласа алмайды.

7 Енди барып, шадлық пенен на-
ныңды жеп, қуўаныш пенен шара-
быңды иш. Қудай усы ислериңди
мақуллайды. 8 Кийимлериңиз ҳәр-
дайым таза болсын, басыңыздан
әтир арымасын. 9 Қуяш астында

Қудай өзиңе берген қысқа өмириң-
ниң пүткил жумбақлы күнлерин
сүйикли ҳаялың менен рәҳәтте өт-
кер. Өмирден ҳәм қуяштың астында
ислеген мийнетиңнен саған берил-
ген пай усы болады. 10 Қолыңнан не
нәрсе келсе, ҳәммесин бар күшиң
менен исле. Сен баратуғын жерде,
яғный өлилер мәканында жумыс
та, ой-пикир де, билим де, дана-
лық та жоқ.

11 Қуяш астында мен және бир
нәрсени көрдим:
Жарыста жүйрик,
Урыста күшли жеңе бермейди
екен.
Данаға – мал-мүлик,
Ақыллыға – байлық,
Уқыплыға – ҳүрмет бәркулла
несип ете бермейди екен.
Бирақ олардың ҳәммеси ушын
еле ўақыт ҳәм үмит бар.

12 Адам өз ўақтын билмейди.
Торға түскен балық ҳәм дузаққа
түскен қус сыяқлы,
Адам да күтилмегенде
бахытсызлыққа ушырайды.

**Даналық ақылсызлықтан жақсырақ**

13 Қуяш астында мен даналық-
тан және бир мысал көрдим. Ол
маған әҳмийетли болып көрин-
ди. 14 Ишинде аз ғана адам жасай-
туғын кишкене бир қала бар еди.
Күшли бир патша ол жерге келип,
оны қамал қылды ҳәм қаланы ба-
сып алыў ушын, оның қарсысы-
на үлкен бекинис қурды. 15 Бирақ
сол қалада жарлы болса да, дана
бир адам жасайтуғын еди. Ол өз
даналығы менен бул қаланы қут-
қарып қалды. Деген менен, кейин
бул жарлы адамды ҳеш ким еске
алмады. 16 Сонда мен өзиме өзим:
«Даналық күштен артық. Бирақ
жарлы адамның даналығына ке-
ўил бөлип, оның сөзлерин тыңла-
майды екен», – дедим.

17 Дананың әлпайым айтқан сөзи,
Ақылсызлар ишиндеги
басшының бақырып айтқан
сөзлеринен жақсырақ.
18 Даналық урыс қуралларынан
жақсырақ,
Бирақ бир ақылсыз көп
жақсылықты жоққа
шығарады.

10 1 Әтир майға түсип өлген
шыбынлар әтир майды
бузады,
Сол сыяқлы, ҳүрметли адамның
аз ғана ақылсызлығы,
Оның даналығы менен
абырайына зыян келтиреди.
2 Дананың жүреги дурыс жолға,
Ақылсыздың жүреги терис
жолға талпынады.
3 Ақылсыз қандай жолдан
жүрмесин,
Оған бәри бир ақыл жетиспейди.
Ол өзиниң ақылсызлығын
ҳәммеге көрсетеди.
4 Егер ҳүкимдарыңның ғәзеби
саған қарай лаўласа,
Орныңнан турып, кетип қалма.
Кишипейиллик үлкен
қапашылықларды да
бастыра алады.

5 Қуяш астында және бир
жаўызлықты көрдим.

Ол ҳүкимдар ислеген қәтелик
еди:
6 Ақылсызлар жоқары
лаўазымларға отырып,
Ҳүрметли адамлар төменде
отырады.
7 Мен және атқа минген
қулларды,
Қулдай болып, жаяў жүрген
басшыларды көрдим.

8 Шуқыр қазғанның өзи сол
шуқырға түседи,
Дийўалды бузғанды жылан
шағады.
9 Тас қашаған адамды таслар
жарақатлайды,
Ағаш жарғанды ағаш
жарақатлаўы мүмкин.

10 Топыр балтаны қайрамаса,
Көп күш сарп етиледи.
Бирақ табысқа ерисиў ушын,
даналықтың пайдасы көп.

11 Егер жылан сыйқырланбастан
бурын шағып алса,
Онда жылан сыйқырлаўшының
не кереги бар?

12 Дананың аўзынан жағымлы
сөзлер шығады,
Ал ақылсыз өз сөзи менен өзин
набыт қылады.
13 Оның сөзиниң басы –
ақылсызлық,
Ақыры – ақмақлық.
14 Ақылсыз көп сөйлейди,
Бирақ адам келешекте не
болатуғынын билмейди.
Адам өлгеннен кейин не
болатуғынын ким айта
алады?
15 Ақылсыздың жумысы өзин
шаршатады,
Ол қалаға баратуғын жолды да
билмейди.

16 Ҳәй, патшасы жас болып,
Ҳәмелдарлары азаннан баслап
зыяпат қуратуғын ел,
ҳәсирет шегесең!
17 Ал патшасы ҳасыл тұқымнан
шыққан,
Ҳәмелдарлары тек мәслик етиў
ушын емес,
Ал күш топлаў ушын керек
ўақтында зыяпат
беретуғын ел бахытлы!

18 Ериншекликтен тамның төбеси
ойылар,
Жалқаўлықтан төбеден суў өтер.
19 Зыяпат адамның кеўлин
көтерер,
Шарап өмирге қуўаныш алып
келер,
Бирақ ҳәммеси ақша менен
питер.

20 Патшаны, ҳәтте, ишиңнен болса
да, жаманлама,
Ҳүрметли адамды төсекте
жатып та, ғарғама.
Себеби аспандағы қуслар хабар
тасыр,
Қанатлы барлықлар сөзиңди
жеткизер.

### Келешекти ойла

11 1 Нанынды басқаларға бер-
генде, қыйналмай бер,
Сонда күнлер өтип, ол өзиңе
қайтып келер.
2 Барыңнан жети ямаса сегиз
адамға пай бер,

Жер бетинде қандай
апатшылық болажағын
билмейсең.
3 Бултлар тойынғанда,
Жер бетине жаўын жаўдырады.
Терек қублаға қарай қуласа да,
арқаға қарай қуласа да,
Ол қулаған жеринде қалады.
4 Самал қатты ессе, туқым сеппес,
Булт қойыў болса, зүрәәтин
ормас.

5 Самалдың қай жақтан
есетуғынын ҳәм қурсақтағы
баланың сүйегиниң қалай
пайда болатуғынын
билмейтуғының сыяқлы,
Ҳәмме нәрсени ислейтуғын
Қудайдың ислерин де биле
алмайсаң.

6 Азанда туқым сеп,
Кеште де қолың бос турмасын.
Олардың қайсысының өнимли
болатуғынын билмейсең.
Анаўсы ма, мынаўсы ма?
Бәлким екеўи де жақсы өним
берер.

7 Жақтылық татлы,
Қуяшты көриў көзге жағымлы.
8 Адам қанша көп жасаса да,
Бәрқулла қуўанып жасасын.
Бирақ қараңғы күнлердиң бар
екенин де умытпасын.
Олар да аз емес.
Не жүз бермесин, бәри де
бийҳуда.

**Жаслықтың қәдирин бил**

9 Ҳәй, өспирим! Жаслық шақта
кеўил көтер.
Жаслық шағында жүрегиң сени
шадлыққа бөлесин.
Кеўлиң күсеген, көзиң қәлеген
нәрсени исле.
Бирақ булардың барлығы ушын,
Қудайдың сени ҳүким
қылатуғынын билип қой.
10 Сонлықтан жүректен қайғыны
қуўып,
Денеңнен азапты алып тасла.
Балалық та, жаслық та тез өтип
кетеди.

12 1 Қайғылы күнлер, яғный
ақырғы күнлер келип:
«Мен олардан ҳеш рәҳәт
таппадым», – деп
айтпасыңнан алдын,
Жаслық шағыңда
Жаратыўшыңды еске ал!
2 Қуяш, жарықлық, ай ҳәм
жулдызлар гүңгиртленип,
Жаўын изинен және қара
бултлар қапламастан
алдын,
Оны еске ал!
3 Сол күн келгенде,
Үйди қорғайтуғынлар
қалтырайды,
Күшлилер ийиледи,
Дигирман тартыўшылар аз
қалғанлықтан, исин
тоқтатады,
Терезеден сыртқа
қарайтуғынларды гүңгирт
тартады.
4 Көшеге қараған қапылар
жабылады,
Дигирманның сестин
еситпейтуғын болады.
Қус сестинен оянады,
Бирақ сайрағанын зорға
еситеди.

5 Бәлентликтен қорқатуғын
болып қалады,
Көшеге шығыўға
жүрексинбейди,
Бадам ағашы ақ түске енеди,
Шегиртке сүйретилип қалады,
Ҳеш бир мийўе қуштарлық
оятыўға жәрдем бермейди.
Адам өзиниң мәңгилик үйине
кирежақ,
Көше жоқлаў айтып
жылағанларға толып
кетеди.

6 Сонлықтан гүмис шынжыр
үзилип,
Алтын кесе сынбастан,
Булақ басындағы гүзе қыйрап,
Қудық үстиндеги суў тартқыш
үзилместен,
7 Топырақтан исленген денең
жерге қайтпастан,
Қудай берген руўхың да
Қудайға қайтпастан бурын,
Өзинди Жаратқанды еске ал!
8 Бийҳуда, бийҳуда! – дейди
Ўазшы, – Ҳәммеси
бийҳуда!

## Соңғы сөз

9 Ўазшы дана адам болып ғана
қоймай, билгенлерин халыққа да
үйретти. Ол көплеген нақыл-ма-
қалларды ой елегинен өткизип,
изертледи ҳәм қайта ислеп, орны-
орнына қойды. 10 Ўазшы терең мә-
нили сөзлерди изледи, ол ҳақыйқат
сөзлерин дурыс жазды.
11 Даналардың сөзлери шопан-
ның ушлы таяғына, жыйналған
нақыл сөзлер беккем қағылған
шегеге уқсайды. Бул сөзлер бир
Шопан тәрепинен берилген. 12 Бу-
лардан тысқары, балам, мыналар-
ды билип қой: көп китап жазыўдың
шеги жоқ, көп китап оқыў денени
шаршатады.
13 Ҳәмме нәрсе айтылды, енди
жуўмақты тыңлайық:
Қудайдан қорқ, Оның
буйрықларын орынла!
Бул ҳәр бир адамның парызы.
14 Қудай ҳәр бир исти,
Жасырын исленген жақсы-
жаман ислердиң ҳәммесин
ҳүким қылады.

# Қосықлар қосығы

## Китап ҳаққында мағлыйўмат

Бул китап муҳаббат ҳаққындағы қосықлар топламы болып, онда жигит пенен қыз бир-бирине өз муҳаббатын айтады. Жигит ҳәм қыз базыда ой-пикиринде сөйлейди, базыда бир-бирине ямаса досларына қарата сөйлейди. Ал базы қосықларда болса, олар муҳаббатының биринши демлерин еслеп атырғанға уқсайды.

Бул китаптың авторы патша Сулайман ҳәм китаптың аты еврейшеден сөзбе-сөз аўдарылған болып, «Қосықлар қосығы» деп аталған.

Бул қосықларды ҳәр түрли түсиниў мүмкин. Базылар қосықлардағы жигит Сулайманның өзи десе, басқалар бул қосықты Сулайманның сарайында жүз берип атырған ўақыя деп түсинеди. Яғный қыз патшаның сарайына алып келинген, бирақ өз аўылында сүйгени бар. Китапта баян етилиўи бойынша, ашықлар ақырында табысады.

Базылар бул қосықтағы жигит ҳәм қызды «Қудай ҳәм Оның халқы ямаса Масийх ҳәм Оның жәмәәти» деп түсинеди.

Бул китапта еврейше қосық қатарларында қолланылып жүрген ҳәр түрли мийўелер, хош ийисли шайырлар, шарап, бағ, қозы ҳәм ешки сыяқлы гөззал сүўретлеўлер кең қолланылған.

---

**1** 1 Сулайманның ең жақсы қосығы.

*Қыз:*

Сүй мени, еринлериң менен сүй!
Муҳаббатың шараптан да
татлы!
2 Әтир майың қандай хош ийисли!
Атың да төгилген әтир киби,
Соның ушын қызлар сүйеди
сени!
3 Мени өзиң менен алып кет,
асығайық,
Шаҳзадам мени отаўына
апарсын!

*Жаўанлар:*

Сениң менен қуўанып,
шадланамыз,
Муҳаббатыңды шараптан да
зыяда деп тәрийиплеймиз.

*Қыз:*

Минәсипсең сен қызлардың
муҳаббатына.

4 Ерусалим қызлары,

Мен қара торыдан келген
сулыйман.
Кедар шатырларындай
қараман,
Сулайманның перделериндей
гөззалман.

5 Қара торы болғаныма қарамаң,
Қуяш қарайтты мени.
Аға-инилерим маған
ашыўланып,
Мени жүзимзарға қараўыл
қылып қойды.
Өзимниң жүзимзарыма қарай
алмадым.
6 Сүйиклим, айтшы, сүриўиңди
қай жерде бағасаң?
Түсте оны қай жерде
тынықтырасаң?
Неге сениң досларыңның
сүриўлери арасынан,
Бетине перде жамылған
бузықлардай,
Сени излеп, сергиздан
болыўым керек?
*Жигит:*
7 Ҳәй, гөззаллар гөззалы!
Билмесең, сүриўлердиң изи
менен жүр,
Шопанлардың шатырларының
жанында,
Ылақларыңды бақ.
8 Фараонның арбасына жегилген,
Байталға мегзетемен сени,
сүйиклим!
9 Тағыншақлар бет әлпетиңе,
Моншақлар мойныңа қандай
жарасқан!
10 Саған гүмис пенен
әшекөйленген,
Алтын тағыншақ соғып
беремиз.
*Қыз:*
11 Шаҳзадам өз дастурханы
әтирапында отырғанда,
Нард әтирим хош ийисин
таратты.
12 Сүйиклим мен ушын,
Көкиреклерим ортасында
жатырған,
Мирра[a] толы қалташаға
мегзейди.
13 Сүйиклим мен ушын,
Эн-Гедийдеги жүзим
бағындағы,
Қына гүлиниң дәстесине
мегзейди.
*Жигит:*
14 Қандай гөззалсаң, сүйиклим!
Гөззалсаң, қумыры көзлим.
*Қыз:*
15 Қандай сымбатлысаң,
сүйиклим!
Жүдә сүйкимлисең!
Жатағымыз жасыл майсазар.
16 Кедрлер үйимиздиң төбеси
болса,
Сәрўи ағашлары шертегимиз.

# 2

*Қыз:*
1 Мен Шарон наргизимен,
Ойпатлықлар лаласыман.
*Жигит:*
2 Қызлар арасында мениң
сүйиклим,
Тикенлер арасындағы лалаға
мегзер.
*Қыз:*
3 Жигитлер арасында мениң
сүйиклим,

---

a **1:12** *Мирра* – белгили бир тереклердиң қатқан желиминен таярланған хош ийисли нәрсе.

Тоғай ағашлары арасындағы
алма ағашына мегзер.
Саясында отырыў маған рәҳәт
бағышлар,
Мийўесиниң дәми аўзымнан
кетпес.
4 Ол мени зыяпат үйине алып
келди,
Мени муҳаббаты менен қаплады.
5 Кишмишлер менен мени күшке
толтыр,
Алмалар менен жанландыр.
Себеби ышқы дәртинде
жанбақтаман.
6 Оның шеп қолы басым астында,
Оң қолы менен мени
аймалайды.
7 Ерусалим қызлары!
Жейран ҳәм жабайы суўынлар
ҳақы жалбарынаман:
Муҳаббаттың өзи оянбағанша,
Ышқыны оятпаң ҳәм қозғамаң.

8 Мынаў сүйиклимниң даўысы!
Ол таўлардан секирип,
Төбешиклерден атлап киятыр.
9 Сүйиклим жейранға ямаса жас
суўынға мегзер.
Мине, ол дийўалымыз артында
турып,
Терезелерден үңилип,
Әйнектиң көзлеринен сығалар.
10 Сүйиклим маған былай деди:
«Тур, сүйиклим, гөззалым,
Жүр, бирге кетейик!
11 Қара, қыс та өтти,
Жаўын да тынды.
12 Жерде гүллер ашылып,
Қосық айтатуғын ўақыт келди.
Үлкемизде қумырының,
Ҳаўазы еситилип тур.
13 Әнжир ғумша шығарды.
Жүзим шақалары гүллеп,
Хош ийисин шашып тур.
Тур, сүйиклим, гөззалым,
Жүр, бирге кетейик!»

*Жигит:*

14 Жартастың жарығына,
Таўлардың шыңларына
жасырынған қумырым!
Жамалыңды көрсет,
даўысыңды еситейин.
Даўысың жағымлы, жамалың
гөззал.
15 Бизге түлкилерди,
Жүзимзарларды ўайран етип
атырған,
Түлкишеклерди услап бериң.
Жүзим бағларымыз гүл
ашпақта.

*Қыз:*

16 Сүйиклим меники, мен де
оныкимен.
Сүриўин лала гүллер арасында
бағады ол.
17 Кеш түсип, көлеңке узайғанша,
Қайтып кел, сүйиклим,
Сәнли таўлардағы жейрандай,
Ямаса жас суўындай шапқыла!

# 3

*Қыз:*

1 Түн бойы төсегимде жатып,
Қәлбимниң ашығын аңсадым,
Аңсадым, бирақ оны таба
алмадым.
2 Енди турып, қаланы айланайын,
Көше ҳәм майданлар бойлап,
Қәлбимниң ашығын излейин.
Оны изледим, бирақ таба
алмадым.
3 Қаланы айланып жүрген
сақшылар,
Мени көрип қалды. Олардан мен:
«Мениң қәлбимниң ашығын
көрмедиңиз бе?» – деп
сорадым.

4 Олардың жанынан кетиўим
менен,
Қәлбимниң ашығын таптым.
Оны қолтықлап услап,
Анамның үйине,
Маған ҳәмиледар болған
бөлмеге,
Алып келгенимше, жибермедим.
5 Ерусалим қызлары!
Жейран ҳәм жабайы суўынлар
ҳақы жалбарынаман:
Муҳаббаттың өзи оянбағанша,
Ышқыны оятпаң ҳәм қозғамаң.
*Қурбы-қурдаслар:*
6 Саўдагерлердиң барлық хош
ийисли әтирлеринен
исленген,
Мирра ҳәм хош ийисли
түтеткини аңқытып,
Буўдақлаған түтиндей
көтерилип,
Шөлден шығып киятырған ким
екен?
7 Қараңлар, Сулайманның
тасымалы тахты!
Қасында алпыс батыры,
Израилдың мәрт жаўынгерлери
бар.
8 Ҳәммеси қылыш асынған,
Урыс тәжирийбесине ийе.
Түнги қәўипке қарсы,
Ҳәр бириниң қылышы белинде.
9 Патша Сулайман Лебанондағы
кедр ағашынан,
Өзине тасымалы тахт ислеткен.
10 Оның бақанларын гүмистен,
Арқасын алтыннан ислетип,
Отырғышын шым қызыл таўар
менен қаплатқан.
Ишин Ерусалим қызлары шын
кеўилден безеген.
11 Сион қызлары, сыртқа
шығыңлар!
Тойы күни,
Жүреги шадлыққа толған күни,
Анасы басына кийдирген,
Тажына қараңлар!

# 4

*Жигит:*
1 Қандай гөззалсаң, сүйиклим,
гөззалсаң!
Жүзиңдеги перде астындағы
көзлериң,
Қумырының көзлерине
мегзейди.
Шашларың Гилад таўларынан
түсип киятырған,
Қара ешкилер сүриўиндей
таўланып турады.
2 Қырқып, шомылдырып
шығарылған,
Қой сүриўиндей аппақ сениң
тислериң.
Ҳәр бириниң сыңары бар,
Ҳеш бири жалғыз емес.
3 Қырмызы сабақтай еринлериң,
Аўзың сондай әжайып.
Жапқыш астындағы жүзиңниң
алмасы,
Анардың ярымындай қып-
қызыл.
4 Мойның тик қурылған,
Даўыттың минарасына
мегзейди,
Оған мың қалқан асылған,
Ҳәммеси батырлар қалқаны.
5 Лалазарда отлап жүрген қос
суўынға,
Егиз жейранға уқсайды қос
анарың.
6 Кеш түсип, көлеңке узайғанша,
Мирра таўына,
Хош ийисли шайырлар бар
төбеге бараман.
7 Сүйиклим, сен сондай
гөззалсаң,

Ҳеш жеринде миниң жоқ!
8 Лебанонннан мениң менен бирге
кел, келиншегим,
Лебанонннан мениң менен бирге
кел!
Амана төбесинен,
Сенир, яғный Хермон
төбесинен,
Арысланлар инлеринен,
Қапланлар мәканлаған
таўлардан асып кел.
9 Әзизим, келиншегим,
жүрегимди бийлеп алдың,
Жанарыңның бир қараўы,
Моншағыңның бир данасы
менен,
Жүрегимди бийлеп алдың.
10 Муҳаббатың қандай татлы,
әзизим, келиншегим!
Муҳаббатың шараптан,
Әтириңниң хош ийиси,
Барлық хош ийисли затлардан
ләззетли!
11 Ләблериңнен пал тамады,
келиншегим,
Пал менен сүт бар тилиң
астында.
Кийимлериңниң жағымлы
ийиси,
Лебанонның хош ийисиндей.
12 Әзизим, келиншегим, сен бир
қапысы жабық бағ,
Аўзы жабық қудық, мөр
басылған булақсаң.
13 Сен – жақсы мийўе беретуғын,
Анар бағысаң.
Бул бағда қына ҳәм нард бар.
14 Аўа, бул бағда нард ҳәм шафран,
Хош ийисли қамыс ҳәм корица,
Ҳәр түрли хош ийисли тереклер,
Мирра ҳәм алоэ,
Әлўан түрли, ең жақсы хош
ийисли өсимликлер өседи.
15 Сен бағ булағысаң,
Таза суў қудығы,
Лебанон таўларының ағар
суўысаң.
*Қыз:*
16 Оян, ҳәй, арқа самалы!
Кел, қубла самалы!
Бағымда есип, оның хош
ийисин тарат!
Сүйиклим өз бағына келип,
Оның сайланды мийўелеринен
жесин.

# 5

*Жигит:*
1 Мен бағыма кирдим, әзизим,
келиншегим.
Мирра ҳәм хош ийисли
затларымды жыйнайман.
Палымды уясы менен жеймен,
Шарабымды, сүтимди ишемен.
*Қурбы-қурдаслар:*
Жеңлер, дослар, ишиңлер!
Ишип, ләззет алың, ҳәй,
ашықлар!
*Қыз:*
2 Уйықлап жатсам да, кеўлим
сергек.
Тыңлап көр! Сүйиклим есик
қағып тур:
«Есикти аш, әзизим, сүйиклим,
Қумырым, минсиз сулыўым!
Ҳөл болған басым шықтан,
Шашларым түнги ызғардан».
3 Мен шешинип қойдым,
Қалай және кийинемен?
Аяқларымды жуўып қойдым,
Қалай және патас қыламан?
4 Сүйиклим есик тесигинен
қолын суққанда,
Жүрегим толқынланып кетти.
5 Турдым сүйиклиме қапы ашпаға,
Қолларымнан мирра тамды,
Бармақларымнан ақты мирра,

Есиктиң илдиргишине.
6 Сүйиклиме есик аштым,
Бирақ ол кетип қалған екен.
Оның кетип қалғанына,
жүрегим езилди.
Оны изледим, таба алмадым,
Шақырдым, жуўап бермеди.
7 Қаланы айланып жүрген
сақшылар,
Мени услап алып, урып,
жарақатлады,
Сол дийўал сақшылары,
Мениң жаўлығымды шешип
таслады.
8 Ерусалим қызлары! Сизлерге
жалбарынаман:
Егер сүйиклимди ушыратсаңыз,
Айтыңлар, ышқыдан қәстемен
мен.

*Қурбы-қурдаслар:*

9 Сүйиклиңниң басқалардан неси
артық,
Ҳәй, гөззаллар гөззалы?
Бизлерге жалбарынатуғындай,
Сүйиклиңниң басқалардан
неси артық?

*Қыз:*

10 Сүйиклим мениң қызыл жүзли,
қуўатлы,
Он мың адамның арасында
айырылып турар.
11 Басы сап алтыннан,
Шашлары буйра,
Ғарғадай қара.
12 Көзиниң қарашықлары суў
жағасында,
Сүтке шомылып, ләззетленип
отырған,
Қос қумырыға уқсайды.
13 Шекелери әтир таратып турған,
Гүл бағына уқсайды.
Еринлери мирра тамып турған,
Лала гүлге уқсайды.
14 Қоллары сары яқыт тағылған,
Алтын ҳасаға уқсайды.
Денеси лазурит таслары менен
қапланған,
Пил сүйегинен исленген
буйымға уқсайды.
15 Аяқлары алтын түбекке
орнатылған,
Мрамор сүтинге уқсайды.
Түр-түси Лебанон таўларына
уқсайды,
Кедр ағашларындай саўлатлы.
16 Тили шийрин,
Қәдди-қәўмети келискен.
Усы мениң сүйиклим, усы
мениң достым,
Ҳәй, Ерусалим қызлары!

# 6

*Қурбы-қурдаслар:*

1 Сүйиклиң қайда кетти,
Ҳәй, гөззаллар гөззалы?
Ол қай тәрепке кетти?
Оны сениң менен бирге
излейик.

*Қыз:*

2 Сүйиклим өз бағына,
Жупар ийисли гүл бағына,
Бағда сүриўин бағыўға,
Лала гүллер териўге кетти.
3 Мен сүйиклимдики, сүйиклим
меники.
Сүриўин лала гүллер арасында
бағады ол.

*Жигит:*

4 Сүйиклим, сен Тирса
қаласындай гөззалсаң,
Ерусалимдей сүйкимлисең,
Байрақ көтерген ләшкерлердей
айбатлысаң.
5 Көзлериңди алып қаш меннен,
Олар мени бенде қылмақта.
Шашларың Гилад таўларынан
түсип киятырған,

Қара ешкилер сүриўине
уқсайды.
6 Қырқып, шомылдырып
шығарылған,
Қой сүриўиндей аппақ сениң
тислериң.
Ҳәр бириниң сыңары бар,
Ҳеш бири жалғыз емес.
7 Жапқыш астындағы жүзиңниң
алмасы,
Анардың ярымындай қып-
қызыл.
8 Патшаның алпыс ҳаялы, сексен
тоқалы,
Сансыз жас қызлары бар.
9 Бирақ мениң қумырым, минсиз
сулыўым – теңсиз.
Ол анасының жалғызы,
Оны туўғанның еркеси.
Қызлар оны көрип, бахытлы
дейди,
Ҳаяллар ҳәм тоқаллар оны
мақтайды.

*Қурбы-қурдаслар:*

10 Таңдай атқан,
Айдай сулыў, күндей
жарқыраған,
Байрақ көтерген ләшкерлердей
айбатлы,
Ким екен бул?

*Қыз:*

11 Ойпатлықтағы көклемзарды
көриў ушын,
Ҳәм де жүзим путалары бүртик
жарды ма,
Анар ағашлары гүлледи ме деп,
Усыларды көриў ушын, мен
ғоза тоғайына бардым.
12 Билмедим, қәлбим мени бийлеп
алып,
Халқымның ақсүйеклериниң
арбасына миндирди.

# 7

*Қурбы-қурдаслар:*

1 Қайт, шуламлы қыз, изге
қайт!
Сени бир көрейик, изге қайт!

*Қыз:*

Қыз-жигитлер арасында аяқ
ойынға түсип атырғандай,
Не ушын мени көрежақсыз?

*Жигит*

2 Қандай сулыў сандал кийген
аяқларың,
Ҳәй, ҳасылзаданың қызы!
Домалақ бөкселериң зергердиң,
Қолынан шыққан гәўҳар
мысалы.
3 Киндигиң бәрқулла хош дәмли
шарапқа толы,
Домалақ кесе мысалы.
Белиң лалалар менен оралған,
Бийдай үйиндиси мысалы.
4 Қос анарың қос суўын,
Егиз жейран мысалы.
5 Мойның пил сүйегинен
қурылған минарадай,
Көзлериң Бат-Раббим
дәрўазасы жанындағы,
Хешбон ҳәўизлериндей.
Мурның Дамаскке қарап турған,
Лебанон минарасындай.
6 Басың Кармел таўындай тик
болып,
Илпилдеген шашларың шым
қызыл,
Патша шашларыңа тутқын
болды.
7 Қандай сулыўсаң, қаншелли
сүйкимлисең,
Ышқым кеткен сүйкимли
жамалыңа!
8 Турпатың пальма ағашына,
Қос анарың оның солқым-
солқым жемисине
мегзейди.

9 Мен: «Бул пальмаға өрмелейин,
Услайын мийўели
шақаларын», – дедим.
Анарларың жүзим
солқымларындай,
Демиң алманың ийисиндей
жупар,
10 Еринлериң ең жақсы шарапқа
уқсар.

*Қыз:*

Бул шарап сүйиклиме,
Оның уйықлап атырған
еринлерине қарай ақсын.
11 Мен сүйиклимдикимен,
Ол да мени қумсайды.
12 Жүр сүйиклим, атызға барайық,
Түнди қына гүллери арасында
өткерейик.
13 Ерте турып, жүзимзарға
барайық,
Көрейик, жүзим путалары
бүршик жарды ма,
Олардың гүллери ашылды ма,
Анар ағашлары да гүлледи ме?
Сол жерде ышқымды саған
бағышлайман.
14 Мәргия шөп хош ийисин
аңқытпақта,
Есигимиз алдында,
Әлўан түрли жақсы мийўелер
бар.
Жаңасын да, ескисин де,
Сен ушын сақладым, сүйиклим!

# 8

1 Қәнекей, туўысқанымдай
болсаң еди,
Анамның емшегин бирге емген!
Көшеде көргенимде, сүйер едим,
Ҳеш ким мени айыпламас еди.
2 Алдыңа түсип,
Турмысқа таярлаған,
Анамның үйине алып келер
едим.
Хош ийисли шараптан,
Анарларымның суўынан
ишкизер едим саған.
3 Сениң шеп қолың басым
астында,
Оң қолың менен мени
аймалайды.
4 Ерусалим қызлары, сизлерге
жалбарынаман:
Муҳаббаттың өзи оянбағанша,
Ышқыны оятпаң ҳәм қозғамаң.

*Қурбы-қурдаслар:*

5 Сүйиклисине сүйенип,
Шөлден шығып киятырған ким
екен?

*Қыз:*

Алма ағашының астында,
Анаң саған ҳәмиледар болған
жерде,
Ол толғатып, сени туўған жерде,
Мен сени оятып алдым.
6 Сал мени жүрегиңе мөрдей
қылып,
Қолыңа мөрли жүзиктей қылып.
Өйткени муҳаббат өлимдей
құдиретли,
Қумарлық әжелдей күшли.
Ышқының оты отлы жалындай
жанар,
Лаўлап жанған жалын киби.
7 Суўлар да муҳаббатты өшире
алмас,
Дәрьялар да оны ағызып кете
алмас.
Егер адам муҳаббат ушын
бары-жоғын берсе де,
Ол жек көринишли болып,
мазақ қылынар еди.

*Қыздың туўысқанлары:*

8 Бизлердиң кишкене
қарындасымыз бар,
Оның еле көкиреги де
шықпаған.

Оны айттырып келген күни,
Қарындасымыз ушын не қыла
аламыз?
9 Егер ол дийўал болса,
Үстине гүмис минара қурар
едик,
Егер ол қапы болса,
Оны кедр тахталар менен
жаўып таслар едик.

*Қыз:*

10 Мен өзим дийўалман,
Қос анарым минара мысалы,
Сол себепли оның көзине,
Бахытлы көриндим.
11 Сулайманның Баал-Ҳамонда,
Жүзим бағы бар екен,
Ол бағды сақшыларға
тапсырыпты.
Ҳәр бири оның жемиси ушын,
Мың шекел[a] гүмис төлеўи
керек екен.
12 Мың гүмис теңге сеники болсын,
ҳәй, Сулайман,
Еки жүзи жемисин
қорығандики болсын.
Ал мениң жүзимзарым
өзимдики, өзиме тийисли.

*Жигит:*

13 Ҳәй, бағларға мәкан басқан!
Жолдасларым даўысыңды
еситип тур,
Даўысыңды тек мен еситетуғын
болайын.

*Қыз:*

14 Асық сүйиклим!
Жупар ийиси аңқыған
таўлардағы,
Жейрандай ямаса жас
суўындай шапқыла.

---

a **8:11** *Мың шекел* – бир шекел шама менен 11 гр.

# Ийшая пайғамбардың китабы

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Ийшая пайғамбар шама менен қырық жыл даўамында хызмет етеди. Усы дәўирде Яҳуда патшаларынан төртеўи биринен кейин бири ҳүкимдарлық қылады (1:1). Ийшая Ерусалимде жасап, Қудайдың сөзин Яҳудаға, яғный қубла патшалыққа жеткизеди. Ол жасаған дәўирде Израил, яғный арқа патшалық қулап, халқы Ассирияға тутқын етип алып кетиледи. Ҳошеа ҳәм Миха пайғамбарлар Ийшая пайғамбардың заманласлары еди.

Бул китапты үш бөлимге бөлиўге болады. Китаптың биринши бөлиминде (1–35 баплар) Ийшая пайғамбар Яҳуда халқының гүналарын ашып береди. Елдеги бузықшылық ҳәм ҳүким сүрген әдалатсызлықты тилге алады. Яҳуда халқының гүналары Қудайдың ғәзебин оятады. Китаптың бул бөлиминде автор Қудайдың мухаддеслигине айрықша итибар берип, Оны пүткил әлемниң Патшасы, шексиз күш-қүдирет Ийеси сыпатында сүўретлейди.

Китаптың екинши бөлиминде (36–39 баплар) тарийхта жүз берген ўақыялар, Патша Хизкияниң заманында Ассирияның Яҳуда елине бастырып келгени ҳәм Ерусалимди қамал қылғаны ҳаққында сөз етиледи. Сол ўақытта Ассирия табысқа ериспеген еди. Бирақ Ийшая патша Хизкияны алдын ала ескертип, Бабилония патшалығының күшейетуғынын ҳәм келешекте Яҳуда елин басып алатуғынын айтады.

Китаптың үшинши бөлими (40–66 баплар) узақ келешекке байланыслы аянлардан ибарат болып, халыққа үмит бағышлайды. Бабилония патшалығы Яҳуда елин ўайран қылып, халықты тутқынлыққа алып кеткеннен соң, Қудай Өзи белгилеген ўақытта оларды өз елине қайтарып алып келеди. Оларды жубатып, абадан өмирге алып шығады. Бул китаптың негизи мынадан ибарат: Қудай дүньяда жүз берип атырған ўақыяларды басқарады, Ол тек ғана Өз халқына емес, ал басқа миллетлерге де жақсылықты раўа көреди. Қудай дүньядағы барлық халықларға Яҳуда халқы арқалы берекет береди.

1 [1] Яҳуда патшалары Уззия, Иотам,
Ахаз ҳәм Хизкия ҳүкимдарлық
қылған дәўирде Амос улы Ийшая-
ның Яҳуда ҳәм Ерусалим туўралы
көрген аяны:

### Жаратқан Ийениң Яҳуда халқына ескертиўи

2 Ҳәй көклер, тыңлаң! Ҳәй жер,
қулақ түр!
Жаратқан Ийе былай дейди:
«Мен балаларды тәрбиялап,
өсирдим,
Бирақ олар Маған қарсы бас
көтерди.
3 Мал өз ийесин,
Ешек ийеси қойған ақырды
таныйды.
Бирақ Израил Мени танымайды,
Халқым Мени түсинбейди».

4 Ўаҳ, гүналы миллет,
Жазығы аўыр халық,
Жаўызлық ислеўши әўлад,
Бузғын балалар, ҳәсирет
шегесизлер!
Сизлер Жаратқан Ийени тәрк
еттиңиз,
Израилдың Мухаддесин
менсинбедиңиз,
Оған арқаңызды қараттыңыз.

5 Не ушын сизлер еле жазалана
бересиз?
Неге бас көтериўди даўам ете
бересиз?
Басыңыз пүткиллей жараланған,
Жүрегиңиз толық ҳәлсиреген.
6 Аяғыңыздың ушынан
басыңызға шекем саў
жериңиз жоқ,
Тек жарақатлар, кесиклер,
ашық жаралар.
Жуўылмаған, байланбаған, май
жағылмаған.

7 Елиңиз ўайран болған,
Қалаңыз жанып күл болған.
Жат жерлилер көз алдыңызда
жериңизди талан-тараж
етеди,
Ўайран етип, оны қарабақанаға
айландырады.
8 Қыз Сион жалғызланып, жүзим
бағындағы саяман,
Палыз атызындағы шертек,
Қамалдағы қала сыяқлы болып
қалады.
9 Егер Әлемниң Жаратқан Ийеси,
Бизлер ушын бир
қанша адамды аман
қалдырмағанда,
Бизлер Содомдай болар,
Гомораға мегзер едик.[a]

10 Ҳәй, Содом басшылары,
Жаратқан Ийениң сөзин
тыңлаң!
Ҳәй, Гомора халқы,
Қудайымыздың Нызамына
қулақ салың!
11 «Қурбанлықларыңыздың көп
болғанынан Маған не
пайда?!
– дейди Жаратқан Ийе. –
Жандырылатуғын
қурбанлыққа берген
қошқарларыңызға,
Семиртилген малларыңыздың
майларына әбден тойдым.
Буға, тоқлы ҳәм ешкилердиң
қанынан ләззет алмайман.

---

a **1:9** Жар 18:16–19:28.

12 Алдыма хызмет етиў ушын
келгениңизде,
Ким сизлерден булардың
ҳәммесин алып келиўди
сорады?
Мениң ҳәўлимди басқыламаң,
13 Буннан былай мәниссиз
садақаларыңызды
усынбаң!
Хош ийисли түтеткилериңиз де
Маған жеркенишли.
Жаңа ай байрамларыңыздағы,
Шаббат күнлериңиздеги,
Басқа да жыйналысларыңыздағы
жаўызлықларға тақатым
жоқ.
14 Жаңа ай байрамыңызды ҳәм
белгиленген байрам
күнлериңизди,
Жаным жек көреди.
Олар Мен ушын жүк болды,
Оларды көтерип жүриўден
шаршадым.

15 Сизлер қол жайып, Маған
жалбарынғаныңызда,
Көзимди сизлерден жасыраман,
Қаншама көп дуўа етсеңиз де,
Мен тыңламайман.
Қолларыңыз қанға батқан.
16 Жуўыныӊ, тазаланың,
Ислеген жаўыз ислериңизди
көзимнен жоқ қылың,
Жаманлық қылыўды тоқтатып,
17 Жақсылық ислеўди үйрениң!
Әдалатлықты излең,
Езиўшини жолға салың,
Жетимди қорғаң,
Жесирди жақлаң.

18 Келиңлер, мәселени бирге
талқылайық!
– дейди Жаратқан Ийе. –
Гүналарыңыз қып-қызыл
болса да,
Олар қардай аппақ болады.
Олар шым қызыл болса да,
Ақ жүндей болады.
19 Егер бойсынып, тыңласаңыз,
Жер өндирген жақсы
нәрселерди жейсиз.
20 Ал егер қасарысып, бас
көтерсеңиз,
Сизлерди қылыш жалмайды».
Булар Жаратқан Ийениң
аўзынан шыққан сөзлер.

## Қудай Ерусалимди ҳүким етеди

21 Ерусалим! Қалайынша садық
қала бузық ҳаялға
айланды?
Ол әдалатқа толы еди,
Онда әдиллик мәкан басқан еди,
Енди болса, қанхорларға
толған!
22 Гүмистей едиң ғаўажаққа
айландың,
Жақсы шараптай едиң енди суў
араласты.
23 Ҳүкимдарларың қулақсызлық
етти,
Урыларға шерик болды.
Олардың ҳәммеси параны
жақсы көреди,
Саўға дәме етеди.
Олар жетимлерди қорғамайды,
Жесирлердиң арзын
тыңламайды.

24 Сонлықтан Ийе, Әлемниң
Жаратқан Ийеси,
Израилдың Күшли Қудайы
былай дейди:
«Душпанларыма ғәзебимди
төгип,

Жаўларымнан өшимди аламан!
25 Қолымды саған қарсы көтерип,
Ғаўажағыңды силти менен
тазартаман,
Барлық қосымталарды сеннен
алып таслайман.
26 Бурынғыдай, бийлериңди қайта
тиклеп,
Басында болғаныңдай,
мәсләҳәтшилериңди қайта
қояман.
Сонда сени „Әдиллик қаласы,
Садық пайтахт“ деп атайды.

27 Сион әдалатлық пенен,
Тәўбе қылған турғынлары
әдиллик пенен
қутқарылады.
28 Бирақ өшегискенлери менен
гүнакарлары бирге қырып
тасланып,
Жаратқан Ийени тәрк еткенлер
жоқ қылынады.

29 Заўықланып сыйынған кийели
теребинф ағашларыңыз
ушын уятқа қалып,
Сыйыныў ушын өзлериңиз
сайлап алған бағларыңыз
ушын шерменде боласыз.
30 Сизлер жапырағы төгилген
теребинф ағашына,
Суўсыз қалған бағқа уқсайсыз.
31 Күшлилер қаўыққа,
Олардың ислери ушқынға
айланады.
Күшлилер ислери менен бирге
жанады,
Бул отты хеш ким өширмейди».

2 1 Амос улы Ийшаяға Яҳуда ҳәм
Ерусалим ҳаққында аян арқалы
билдирилген сөз мынаў:

2 Ақырғы күнлер келгенде,
Жаратқан Ийениң Үйи
қурылған таў,
Барлық таўлардан жоқары
болып,
Ҳәмме төбешиклерден
мәртебели болады.
Пүткил миллетлер оған қарай
ағылады.
3 Көплеген халықлар келип,
былай дейди:
«Жүриңлер, Жаратқан Ийениң
таўына,
Яқыптың Қудайының Үйине
көтерилейик.
Ол бизлерге Өз жолларын
үйретсин,
Бизлер де Оның
соқпақларынан жүрейик».
Өйткени Нызам Сионнан,
Жаратқан Ийениң сөзи
Ерусалимнен шығады.
4 Жаратқан Ийе миллетлер
арасында қазылық етип,
Көплеген халықлардың
арызын шешеди.
Енди олар қылышларынан
пазна,
Найзаларынан орақ соғады.
Миллет миллетке қарсы
қылыш көтермейди,
Артық урысыўды да
үйренбейди.
5 Яқыптың урпақлары,
Келиң, Жаратқан Ийениң
нурында жүрейик!

### Жаратқан Ийениң күни

6 Сен Өз халқыңды, Яқыптың
урпақларын тәрк еттиң,
Өйткени олардың иши
шығыстың үрп-әдетлерине
толы.

Олар филистлер киби пал ашады,
Жат еллилер менен қол
қысысады.
7 Жери болса, гүмис ҳәм алтынға
толы,
Ғәзийнесиниң есап-саны жоқ.
Ели атларға толы,
Арбаларының есап-саны жоқ.
8 Олардың жери жалған
қудайларға толы,
Олар өз қолларының исине,
Бармақлары менен соққан
нәрсеге тәжим етеди.
9 Инсан аяқ асты болды,
Ҳәр бири диз шөкти,
Қудай, оларды кеширме!

10 Жаратқан Ийениң
қорқынышлы қәҳәринен,
Оның салтанатының
уллылығынан,
Жартасларға кирип алың,
Топырақ астына жасырының.
11 Адамның менмен нәзери төмен
қаратылып,
Тәкаббирлиги жерге урылады.
Тек жалғыз Жаратқан Ийе сол
күни жоқарылатылады.
12 Әлемниң Жаратқан Ийесиниң
бир күни бар,
Сол күни Ол барлық
менменлерге,
Тәкаббирлерге ҳәм барлық
мақтаншақларға қарсы
шығып,
Оларды жерге урады.
13 Лебанонның барлық бийик
ҳәм асқынлаған кедр
ағашларына,
Башанның барлық еменлерине,
14 Барлық бийик таўларға,
Барлық бәлент төбешиклерге,
15 Ҳәр бир бийик минараға,
Ҳәр бир беккем дийўалға,
16 Барлық үлкен саўда кемелерине,
Барлық әжайыбатларға қарсы
турылады.
17 Адамзаттың менменлиги
қулатылып,
Инсан мақтанышы жерге
урылады.
Тек жалғыз Жаратқан Ийе сол
күни жоқарылатылады.
18 Жалған қудайлар биротала жоқ
болады.
19 Жаратқан Ийе жерди ләрзеге
келтириў ушын турғанда,
Оның қорқынышлы қәҳәринен,
Салтанатының уллылығынан,
Адамлар жартаслардың
жарықларына,
Жердиң тесиклерине кирип
кетеди.
20 Сол күни адамлар өзлери
сыйыныў ушын,
Гүмис ҳәм алтыннан ислеген
жалған қудайларын,
Гөртышқан ҳәм жарғанатларға
таслайды.
21 Жаратқан Ийе жерди ләрзеге
келтириў ушын турғанда,
Оның қорқынышлы қәҳәринен,
Салтанатының уллылығынан
қашып,
Жартаслардың жарықларына,
Таўлардың тесиклерине кириў
ушын солай ислейди.
22 Деми мурнында болған
адамзаттан үмит етиўди
тоқтатың!
Ол ким болыпты?

## Яҳуда ҳәм Ерусалим үстинен шығарылған ҳүким

3 1 Мине, Ийе, Әлемниң
Жаратқан Ийеси,

Ерусалимнен ҳәм Яҳудадан
тирек ҳәм сүйенишлерин:
Барлық нан ҳәм суў дереклерин,
2 Батырларын ҳәм жаўынгерлерин,
Бийлерин ҳәм пайғамбарларын,
Палкерлерин ҳәм ақсақалларын,
3 Елиўбасыларын ҳәм абырайлы
адамларын,
Мәсләҳәтшилерин, шебер
усталарын ҳәм
көзбайлаўшыларын
тартып алады.
4 Ол былай дейди:
«Мен өспиримлерди оларға
басшы етип қояман,
Оларға гөдеклер ҳүкимдарлық
етеди.
5 Адамлар бир-бирине қысым
жасап,
Қоңсы қоңсысын жәбирлейди.
Жаслар жасы үлкенлерди,
Қарапайымлар абырайлыларды
сыйламай қояды.
6 Сонда адамлар өз әкесиниң
хожалығындағы,
Туўысқанына жабысып:
„Сениң үстиңде кийимиң бар
екен,
Сен бизлерге басшы болып,
Мына ўайран болған
үйиндилерди қол астыңа
ал!“ – дейди.
7 Бирақ сол күни ол бақырып:
„Мен жараңызды таңа алмайман!
Үйимде аўқат та, кийим де жоқ.
Мени басшы қылып
қоймаңлар“, – дейди».

8 Ерусалим қыйрады,
Яҳуда қулады.
Олардың сөзлери ҳәм ислери
Жаратқан Ийеге қарсы
болып,
Оның салтанатын масқара
қылды.
9 Жүз көринислери өзлерине
қарсы гүўалық береди,
Содом сыяқлы гүналарын
ашық айтады, ҳеш
жасырмайды.
Олардың соры қурыйды!
Себеби олар өз басына өзлери
апат келтирди.
10 Әдиллерге айтың, олар
жақсылық көреди,
Олар өз ислериниң мийўесин
татады.
11 Залымлардың соры қурыйды!
Олар жақсылық көрмейди,
Қолы менен ислеген исиниң
есесин алады.
12 Жас балалары халқымды езеди,
Ҳаяллары оларға ҳүкимдарлық
етеди.
Халқым, жетекшилериң
сизлерди жолдан урды,
Жүрер жолыңыздан адастырды.

13 Жаратқан Ийе даўа ашыў ушын
орнынан қозғалып,
Халықларды ҳүким етиў ушын
аяққа турды.
14 Жаратқан Ийе Өз халқының
ақсақалларын ҳәм
басшыларын ҳүким етиўге
кирисип:
«Сизлер жүзимзарларымды
ўайран еттиңиз,
Үйлериңиз жарлылардан талап
алған олжаға толы.
15 Сизлер неге Мениң халқымды
езип,
Жарлыларды қысқыға ала
бересиз?» – дейди Ийе,
Әлемниң Жаратқан Ийеси.

16 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Сион қызлары тәкаббир,
Мурнын аспанға көтерип,
Көзлерин сүзип жүреди,
Аяқларындағы ҳалқаларын
шыңғырлатып,
Керилип қәдем басады».
17 Сонлықтан Ийемиз Сион
қызларының бас
кийимлерин жулып алып,
Еңбегин ашып таслайды.
18 Сол күни Ийемиз олардың
аяқларындағы ҳалқаларды,
Шашбаўларын, ярым ай
көринисиндеги безениў
буйымларын,
19 Сырғаларын, билезиклерин,
орамалларын,
Орайпеклерин, тобығындағы
шынжырларды, ийин
жапқышларын,
Әтир шийшелерин, тумарларын,
20 Мөр жүзиклерин, әребеклерин,
21 Сәнли кийимлерин,
жегделерин, шекпенлерин,
шыжланларын,
22 Сийледей жуқа кийимлерин,
зығыр кийимлерин,
Түрмелерин, жаўлықларын
тартып алады.
23 Сонда әтирдиң орнын сасық
ийис,
Белбеўдиң орнын жип,
Әшекөйленген шаштың орнын
тақыр бас,
Сәнли кийимниң орнын аза
кийими,
Сулыўлықтың орнын
шерменделик тамғасы
басады.
24 Еркеклериңиз қылыштан өледи,
Жаўынгерлериңиз саўаш
майданында қаза табады.
25 Сионның дәрўазалары жылап,
аза тутады,
Босап қалып, пайтахт тақыр
жерде отырып қалады.

4 1 Сол күни жети ҳаял бир ер-
кекке жабысып, оған:
«Бизлер өз нанымызды жеп, өз
кийимимизди кийемиз,
Бизлерди өз некеңе алып,
Шерменделиктен қутқарсаң
болғаны», – дейди.

### Ерусалимниң келешеги

2 Сол күни Жаратқан Ийе отыр-
ғызған нәл гөззал ҳәм салтанатлы
болады. Жердиң мийўеси де Израил-
дың аман қалғанларына мақтаныш
ҳәм даңқ болады. 3 Сионда қалған-
лар, Ерусалимде аман қалғанлар –
Ерусалимде тири қалыў тәғдирине
жазылған ҳәр бир адам «мухаддес»
деп аталады. 4 Ийемиз Сион қызла-
рының напәклигин жуўып тасла-
ғанда, Ерусалимде төгилген қанды
да ҳүким руўхы ҳәм от руўхы менен
тазалайды. 5 Соңынан Жаратқан Ийе
Сион таўының ҳәмме тәрепиниң үс-
тине ҳәм ол жерге жыйналғанлар-
дың үстине күндиз булт ҳәм түтин,
түнде жалынлаған оттың жақтысын
жаратады. Пүткил салтанат үсти
қапланған болып, 6 ол күндизги ыс-
сыда шатыр, даўыл менен жаўында
пана ҳәм қорғаныш болады.

### Жүзимзар туўралы жыр

5 1 Мен сүйиклимниң жүзим-
зары туўралы жыр айтып
берейин:
Топырағы өнимдар бир төбеде,
Сүйиклимниң жүзимзары бар
еди.

2 Ол жерди аўдарып, тастан
тазалап,
Сайланды нәллерди екти.
Оның ортасына гүзет
минарасын орнатып,
Жүзим сығатуғын шуқыр қазды.
Ол бағынан жақсы жүзим күтти,
Бирақ бағ жабайы жүзим берди.

3 Сонлықтан сүйиклим былай
дейди:
«Енди, ҳәй Ерусалим
турғынлары, Яҳуда халқы!
Мениң менен жүзимзарым
ортасында қазылық етиң.
4 Жүзимзарым ушын және не
қылайын?
Мен оған ислемеген не қалды?
Мен жақсы жүзим күткен едим,
Ол неге жабайы жүзим берди?
5 Ал енди мен сизлерге,
Жүзим бағыма не
қылатуғынымды айтайын:
Оның қорғанларын алып
таслайман,
Бағ жалмап жеп қойылсын,
Дийўалларын бузып таслайман,
Ол басқылап таслансын.
6 Мен бағды ўайран қыламан,
Ол путалмайды, топырағы
аўдарылмайды,
Оны шат тикен ҳәм жантақ
басып кетеди.
Үстине жаўын жаўмасын деп,
бултқа буйрық беремен».

7 Әлемниң Жаратқан Ийесиниң
жүзимзары – Израил халқы,
Яҳуда халқы – Оның
отырғызған сүйикли бағы.
Ол әдалатлық күтти,
Бирақ, қаннан басқа ҳеш нәрсе
көрмеди.
Ол әдиллик күтти,
Бирақ жапа шеккенлердиң
пәриядынан басқа ҳеш
нәрсе еситпеди.

## Зулымлық қылыўшылардың шегетуғын ҳәсирети

8 Үй үстине үй, атыз үстине атыз
қосып атырғанлар,
Ҳәсирет шегесизлер!
Басқаларға жер қалдырмай,
Жер бетинде жалғыз өзиңиз
жасамақшысызлар.
9 Әлемниң Жаратқан Ийесиниң
мына сөзлери қулағыма
шалынды:
«Сөзсиз, көп үйлер ўайран
қылынады,
Зәўлим ҳәм көркем жайлар
ийесиз қалады.
10 Он сүрим жердеги жүзимзардан
тек бир бат[a] шарап
шығады,
Бир хомер[b] туқым тек бир эфа[c]
өним береди».

11 Ерте таңда турып, өткир
ишимлик изинен қуўғанлар,
Ымырт жабылғанша шарап
ишип мәс болғанлар,
ҳәсирет шегеди!
12 Олардың зыяпатларында лира[d]
ҳәм арфа,

---

a **5:10** *Бир бат* – шама менен 22 л.
b **5:10** *Бир хомер* – шама менен 220 л.
c **5:10** *Бир эфа* – шама менен 22 л.
d **5:12** *Лира* – бармақ пенен шертилетуғын тарлы саз әсбабы.

Дәп ҳәм сырнай шертилип,
шарап ишиледи,
Бирақ олар Жаратқан Ийениң
ислерине кеўил бөлмейди,
Оның қоллары менен
жаратылғанларға итибар
бермейди.
13 Сонлықтан халқым наданлығы
себепли сүргин қылынады.
Абырайлы адамлары ашлықтан
өлип,
Қарапайым халық шөлден
қырылады.
14 Буған қоса, өлилер мәканының
иштейи ашылып,
Аўзын қатты керип ашады,
Ерусалимниң абырайлылары
ҳәм қарапайым халқы,
Олардың шаўқым-сүренлери
ҳәм шадлығы сол жерге
киреди.
15 Адамзат бойсындырылып, ҳәр
бир адам дизе бүгеди,
Менменниң көзи төмен қарайды.
16 Бирақ Әлемниң Жаратқан
Ийеси әдалатлықта
мәртебеге ерисип,
Мухаддес Қудай әдилликте Өз
мухаддеслигин көрсетеди.
17 Сонда қойлар өз
жайлаўларындағыдай
жайылып жүреди,
Қозылар байлар таслап кеткен
қарабақаналар арасында
отлайды.

18 Қылмысын жалған қосып
есилген арқан менен,
Ал гүнаны арбаның жиби
менен тартып жүргенлер,
ҳәсирет шегеди!
19 Ҳәтте, олар: «Қудай асықсын,
исин тезирек ислесин,
Биз де көрейик.
Израилдың Мухаддесиниң
мақсети тезирек әмелге
ассын,
Биз де оны билейик», – дейди.

20 Жаманды жақсы, жақсыны
жаман,
Түнекти жақты, жақтыны
түнек,
Ашшыны мазалы, мазалыны
ашшы дегенлер, ҳәсирет
шегеди!
21 Өзин дана деп санап,
Өзин ақыллы билгенлер,
ҳәсирет шегеди!
22 Шарап ишиўде қаҳарман
болғанлар,
Өткир ишимликти
араластырып ишиўде
батырлар,
23 Пара алып, айыплыны
ақлағанлар,
Ҳақты ҳуқықынан айырғанлар
ҳәсирет шегеди!
24 Оттың сабанды жалмағаны,
Жалынның пишенди өртегени
сыяқлы,
Олардың тамыры да ширип
кетеди,
Гүллери шаң-тозаң киби көкке
суўырылады.
Себеби олар Әлемниң
Жаратқан Ийесиниң
Нызамынан жүз бурып,
Израилдың Мухаддесиниң
сөзин нәзерге илмеди.
25 Сол себепли Жаратқан Ийениң
ғәзеби,
Өз халқына қарсы лаўлады,
Қолын көтерип, оларды
жазалайды.
Сонда таўлар титиреседи,

Олардың өли денелери
тасланды сыяқлы
көшелерде жатады.
Сонда да Оның ғәзеби
басылмайды,
Қолы көтерилиўин даўам етеди.

26 Ол алыслардағы миллетлерге
белги береди,
Жер шетинде жасап
атырғанларды ысқырып
шақырады,
Мине, олар да тез, асығып-
үсигип жетип келеди.
27 Бирде биреўи шаршамайды,
сүрникпейди,
Мүлгимейди, уйықламайды,
Белинен белбеўи шешилмейди,
Аяқ кийиминиң баўы
үзилмейди.
28 Олардың оқлары ушқырланған,
Оқ жайлары тартылған,
Атларының туяқлары шақмақ
тасқа,
Арбаларының дөңгелеклери
қуйынға мегзейди.
29 Олардың ақырыўы арысланға
уқсайды,
Олар жырткыш арыслан киби
ақырады,
Ырылдап, олжасын тутып,
алып кетеди,
Ҳеш ким оны қутқара алмайды.
30 Сол күни олар олжа үстинде,
Теңиз туўлаўы киби
ырылдасады.
Егер биреў жерге нәзер салса,
Әне, қара түнек пенен азапты
көреди,
Нур қара бултлар менен
қапланған болады.

## Жаратқан Ийениң Ийшаяны шақырыўы

6 1 Патша Уззия өлген жылы мен
бийик ҳәм салтанатлы тахт үс-
тинде отырған Ийемизди көрдим.
Оның кийиминиң етеклери Ибадат-
хананы толтырып турған еди. 2 Оның
жоқарысында серафлар[a] турған бо-
лып, ҳәр бириниң алты қанаты бар
еди. Олар еки қанаты менен жүзин,
еки қанаты менен аяқларын жаўып,
ал қалған екеўи менен ушып турған
еди. 3 Олар бир-бирине даўыслап
былай деп айтып турды:

«Әлемниң Жаратқан Ийеси,
Муқаддес, муқаддес, муқаддес!
Пүткил әлем Оның
салтанатына толған».

4 Олардың даўысынан қапының
жақлаўлары қозғалып, Ибадатха-
на түтинге толды.
5 Сонда мен:
– Сорым қурысын! Қурып қалдым!
Өйткени мен аўзы ҳарам адамман
ҳәм аўзы ҳарам адамлар арасында
жасап атырман. Деген менен, Пат-
шаны – Әлемниң Жаратқан Ийесин
көзлерим көрди, – дедим.
6 Буннан соң, серафлардың бири
маған қарай ушты. Оның қолында
түтетки түтетилетуғын орыннан
әтөшкир менен алынған қоз бар
еди. 7 Ол қозды аўзыма тийгизип:
– Мине, бул қоз еринлериңе тийди.
Енди қылмысларың алып таслан-
ды, гүналардан пәклендиң, – деди.
8 Соңынан Ийемиздиң:

---

a 6:2 *Серафлар* – жалынлы аспан барлықлары.

– Кимди жиберейин? Бизлер ушын
ким барады? – деген даўысын есит-
тим.
– Мине, мени жибер, мен бараман, –
дедим мен.
9 Ол былай деди:
– Барып, бул халыққа:
«Тыңлап турасыз, бирақ
түсинбейсиз,
Қарап турасыз, бирақ мән
бермейсиз», – деп айт.
10 Солай етип, бул халықтың
жүрегин сезимсиз қыл,
Қулақларын аўырластыр,
Көзлерин гүңгиртлестир.
Олар көзлери менен көрмесин,
Қулақлары менен еситпесин,
Жүреклери менен сезбесин,
Маған қайтып келип, шыпа
таппасын.

11 Мен Оннан:
– Ийем, бул қашанға дейин даўам
етеди? – деп сорадым.
Ол былай деп жуўап берди:
– Қалалар қыйрап, қаңырап
босап,
Үйлер адамсыз қалғанша,
Жерлер қаңырап, ўайран
болғанша,
12 Мен, Жаратқан Ийе ҳәммесин
узақларға қуўып
жиберип,
Елде таслап кетилген жерлер
көбейгенше.
13 Егер де елде халықтың оннан
бири қалса да,
Оны қайтадан жоқ қыламан.
Бирақ кесип тасланғанда
түбири қалған,
Теребинф ямаса емен ағашы
сыяқлы,
Мухаддес тұқым да түбирден
қайта шығады.

## Патша Ахазға берилген белги

7 1 Уззияның ақлығы Иотамның
улы Ахаз Яҳудаға патшалық
қылған дәўирде Арам патшасы Ре-
син менен Израил патшасы Ремалия
улы Пеқах Ерусалимге урыс ашты,
бирақ басып ала алмады.
2 Даўыттың урпағы Арамның
Эфрайым[a] менен бирлескенин
еситкенде, Ахаздың ҳәм оның хал-
қының жүреги тоғайдағы даўыл
тербеткен тереклер киби шайқалып,
дирилдеди. 3 Сол арада Жаратқан
Ийе Ийшаяға былай деди:
– Улың Шеар-Яшуб[b] пенен бирге
кир жуўыўшының атызына барату-
ғын жолдағы, Жоқарғы ҳәўизге суў
қуйылатуғын жерге барып, Ахаз-
ды қарсы ал. 4 Оған былай деп айт:
«Абайлы бол, тынышлық сақла,
қорқпа! Пысқып, шала жанып тур-
ған еки отын қалдығынан – Арам
патшасы Ресинниң ҳәм Ремалия-
ның улының лаўлаған ғәзебинен
руўхың түспесин. 5 Арам Эфрайым
ҳәм Ремалияның улы менен саған
қарсы жаман жоба дүзип: 6 „Ке-
лиң, Яҳудаға шабыўыл жасайық,
оны қорқытып, басып алайық ҳәм
Табеелдиң улын патша етип қоя-
йық“, – дейди.
7 Бирақ Қудай Ийе былай дейди:

„Бул әмелге аспайды,
Жүз бермейди де,

---

a **7:2** *Эфрайым* – арқа патшалық, яғный Израил нәзерде тутылған.
b **7:3** *Шеар-Яшуб* – «тири қалғанлар қайтады» дегенди билдиреди.

8 Дамаск тек Арамның пайтахты,
Ресин болса тек ғана
Дамасктиң басы.
Эфрайым алпыс бес жыл
ишинде халық болыўдан
қалады.
9 Самария тек Эфрайымның
пайтахты,
Ал Ремалияның улы болса тек
ғана Самарияның басы.
Егер исенимиңизде беккем
турмасаңыз,
Сизлер де ҳеш қашан беккем
тура алмайсыз“».

10 Жаратқан Ийе Ахазға қайта-
дан:
11 – Қудайың Жаратқан Ийеден
белги сора. Белги өлилер мәка-
нынан тереңде, аспаннан бийикте
болса да сорай бер, – деди.
12 Бирақ Ахаз:
– Мен сорамайман, Жаратқан
Ийени сынамайман, – деди.
13 Сонда Ийшая былай деди:
– Онда тыңлаң, ҳәй Даўыттың
урпақлары! Адамлардың шыда-
мын сынағаныңыз аз болғандай,
енди Қудайымның да шыдамын
сынамақшымысыз? 14 Солай етип,
Ийениң Өзи сизлерге белги бере-
ди: Мине, қыз ҳәмиледар болып
ул туўады. Оның атын Иммануел[a]
деп қояды. 15 Ол жаманнан қашып,
жақсыны таңлай билемен дегенше,
қатық ишип, пал жейди. 16 Себе-
би бала жаманнан қашып, жақсы-
ны таңлай билемен дегенше, сени
қорқытқан сол еки патшаның же-
ри шөлге айландырылады. 17 Бирақ
Жаратқан Ийе Ассирия патшасы ар-
қалы сениң, халқыңның ҳәм ата-ба-
баларыңның урпақларының басына
Эфрайымның Яҳудадан айырылған
күнинен бери болып көрилмеген
аўыр күнлерди салады.
18 Сол күни Жаратқан Ийе Мысыр
дәрьяларының аяқ ушларындағы
шыбынларды ҳәм Ассирия жерле-
риндеги ҳәррелерди ысқырып ша-
қырады. 19 Олар ушып келип, дәрья
жағасындағы ойпатлықларға, жар-
таслардың жарықларына, барлық
тикенекли путаларға ҳәм барлық
жайлаўларға орналасып алады.
20 Сол күни Ийемиз Евфрат
дәрьясының арғы жағынан жаллап
алынған пәки – Ассирия патшасы
арқалы шашыңызды, аяқларыңыз-
дағы түклерди, ҳәтте, сақаллары-
ңызды да алып таслайды. 21 Сол
күн келгенде ким де ким бир қа-
шар ҳәм еки қойды сақлап қала ал-
са, 22 олар берген мол сүттен, сол
адам қатық ишеди. Елде қалған ҳәр
бир адам қатық ишип, пал жейди.
23 Сол күни баҳасы мың шекел[b]
гүмиске тең болған мың жүзим нә-
ли отырғызылған ҳәр бир бағды
шат тикен ҳәм жантақ қаплап кете-
ди. 24 Пүткил елди тикен ҳәм жан-
тақ қаплап кеткенликтен, адамлар
ол жерге оқ жай ҳәм оқлары менен
аңға келеди. 25 Бир ўақытлары ис-
леў берип пайдаланған төбешик-
лердиң ҳеш бирине енди тикен ҳәм
жантақлардан қорқып, бара ал-
майсызлар. Ол жерлер сыйыр ба-
ғылып, қой басқылайтуғын жерге
айланады.

---

a **7:14** *Иммануел* – «Қудай бизлер менен бирге» дегенди билдиреди.
b **7:23** *Мың шекел* – бир шекел шама менен 11 гр.

### Ассирия патшасының урысы

8 [1] Жаратқан Ийе маған:
– Үлкен бир тахта ал да, оған
анық етип: «Маҳер-Шалал-Хаш-
Баз»[a] деп жаз. [2] Мен руўханий Урия
менен Еберехия улы Зехарияны
исенимли гүўалар етип тайынлай-
ман, – деди.
[3] Кейин мен пайғамбар ҳаялым
менен жаттым. Ол ҳәмиледар бо-
лып, ул туўды. Сонда Жаратқан
Ийе маған:
– Атын Маҳер-Шалал-Хаш-Баз
қой. [4] Бала «аға, апа» деп айтып
үлгерместен алдын, Ассирия пат-
шасы Дамасктиң байлығын ҳәм
Самариядан тартып алған олжа-
ларын алып кетеди, – деди.
[5] Жаратқан Ийе сөзин даўам етип
маған былай деди:
[6] – Бул халық тыныш ағып турған
Шилоах суўларынан ўаз кешип, Ре-
син ҳәм Ремалияның улына қуўан-
ды. [7] Сонлықтан, Ийеңиз болған
Мен Евфраттың мол ҳәм бурқасын-
лаған суўын – Ассирия патшасын
ҳәм оның пүткил қүдиретин үсти-
ңизге баслап келмектемен. Ол бар-
лық кәнарларынан шығып, пүткил
жағаны басып кетеди. [8] Суў тасқыны
Яҳуданы басып, алқымына келеди.
Иммануел, оның жайылған қанатла-
ры пүткил елиңди қаплайды!
[9] Ҳәй халықлар, жыйналыңлар,
набыт боласызлар! Қулақ түриң-
лер, ҳәй узақтағы еллердиң ҳәмме-
си! Беллериңизди буўыңлар, бирақ
набыт боласызлар! Беллериңизди
буўыңлар, бирақ набыт боласыз-
лар! [10] Бирге мәсләҳәт қурың, бирақ
ол пушқа шығады. Сөз сөйлейсиз,
бирақ ол әмелге аспайды. Себеби
Қудай бизлер менен бирге!

### Жаратқан Ийениң ескертиўи

[11] Жаратқан Ийениң күшли қо-
лы үстимде болып, бул халықтың
жолынан жүрмеўди қатаң ескер-
тип, маған былай деди:

[12] «Бул халықтың тил бириктириў
деп атағанының ҳеш
қайсысын,
Тил бириктириў деп атамаң.
Олар қорққан нәрседен
қорқпаң, ҳүрейиңиз де
ушпасын.
[13] Әлемниң Жаратқан Ийесин
мухаддес деп ҳүрмет
қылың.
Оннан қорқың,
Оннан зәрреңиз ушсын,
[14] Ол Мухаддесхана болады.
Бирақ Израилдың еки
патшалығы ушын,
Ол сүрниктиретуғын тас,
жығылтатуғын жартас,
Ал Ерусалим турғынлары
ушын,
Дузақ ҳәм тор болады.
[15] Олардың көпшилиги сүрнигип,
жығылып,
Мылжа-мылжа болады,
Дузаққа түсип, тутқын болады».
[16] Бул хабарды жазып, орап байла,
Шәкиртлерим арасында
тәлиматты мөрлеп, оларға
сақлатқызып қой.

[17] Мен жүзин Яқыптың
урпақларынан жасырған,

---

[a] **8:1** *Маҳер-Шалал-Хаш-Баз* – «асығыс тонап, тез олжалаў» дегенди билдиреди.

Жаратқан Ийени күтемен,
Үмитим тек Оннан.

[18] Минекей, мен ҳәм Жаратқан Ийе маған берген балалары менен бирге усы жердемен. Бизлер Сион таўында мәкан қурған Әлемниң Жаратқан Ийесиниң Израилдағы нышаны ҳәм белгисимиз.
[19] Биреўлер сизлерге: «Сыбырлап ҳәм сандырақлап әрўақларды ҳәм руўхларды шақырыўшылардан сораң. Халық өз қудайларынан сораўы керек емес пе? Тирилер ушын өлилерден сораў керек емес пе?» – дейди. [20] Қудайдың тәлиматына ҳәм хабарына жүз бурың! Егер ким де ким буларға сай сөйлемесе, ол жерде таң нуры болмайды. [21] Ол аш ҳәм әбигер болып жер бети бойлап, посып жүреди. Олар аш болғанда, ғәзепленип, өз патшасын ҳәм өз Қудайын нәлетлейди. Олар жоқарыға қараса да, [22] жерге қараса да, тилекке қарсы, тек қайғы-ҳәсирет, қараңғылық ҳәм қорқынышлы түнекти көреди ҳәм қойыў қараңғылыққа шүмип кетеди.

### Тынышлық патшасы

**9** [1] Деген менен, қайғы ишиндегилер қойыў қараңғылықта болмайды. Бурын Ийемиз Зебулон жери менен Нафталий жерин масқара қылған еди, ал келешекте Иорданның арғы жағасындағы теңизге баратуғын жолдағы басқа миллетлер жасайтуғын Галиланы даңққа бөлейди.

2 Түнекте жүрген бул халық,
Уллы нурды көрди,
Терең қараңғылық елинде жасағанлардың,
Үстине нур шашылды.
3 Жаратқан Ийе, Сен миллетлерди көбейттиң,
Олардың қуўанышын арттырдың.
Олар жыйын-терим ўақтында қуўанғандай,
Олжа бөлисип атырғанда шадланғандай,
Сениң алдыңда қуўанышқа бөленеди.
4 Мидянларды жеңген күндеги сыяқлы,[a]
Сен олардың аўыр мойынтырығын,
Жаўырынына тийетуғын жуўан таяқты,
Езиўшилердиң қолындағы қамшыны сындырдың.
5 Әскерлердиң саўашта кийген етиклери,
Қанға былғанған барлық кийимлери,
Жағып жиберилип, отқа жем болады.
6 Себеби бизлер ушын бир нәресте туўылды,
Бир ул инам етилди!
Ҳүкимдарлық оның желкесине жүкленеди,
Оның аты: Әжайып Мәсләҳәтши, Күшли Қудай,
Мәңгилик Әке, Парахатшылық Көсеми болады.
7 Оның ҳүкимдарлығы тынымсыз өсип,
Тынышлық шексиз ҳүким сүреди.
Ол Даўыттың тахтына отырып,

---

a **9:4** Бий 7:1-25.

Оның патшалығында
ҳүкимдарлық етеди.
Ҳәзирден баслап мәңгиге,
Әдалатлық ҳәм туўрылық
пенен,
Патшалықты тастыйықлап,
беккемлейди,
Әлемниң Жаратқан Ийеси жан
күйдирип,
Буны иске асырады.

## Жаратқан Ийениң Израилға қарсы ғәзеби

8 Ийемиз Яқыпқа қарсы сөз
жиберди,
Ол Израилға келип түсти.
9 Пүткил халық – Эфрайым ҳәм
Самария турғынлары буны
билди.
Бирақ олар менменлик ҳәм
тәкаббирлик пенен былай
дейди:
10 «Гербиш пенен салынған үйлер
қулады,
Орнына жонылған таслардан
үй қурамыз,
Жабайы әнжир ағашлары
кесип тасланды,
Орнына кедр ағашларын
тигемиз».
11 Солай етип, Жаратқан Ийе
Ресинниң душпанларын,
Оларға қарсы қозғап,
Душпанларды ҳәрекетке
келтирди.
12 Шығыстан арамлар, батыстан
филистлер,
Аўзын ашып, Израилды жутып
жиберди.
Бирақ, сонда да Жаратқан
Ийениң ғәзеби басылмас,
Қолы көтерилиўин даўам етер.
13 Халық өзлерин жазалағанға жүз
бурмады,
Әлемниң Жаратқан Ийесин
излемеди.
14 Сонлықтан Жаратқан Ийе
Израилдың басын да,
қуйрығын да,
Пальма ағашларының
шақаларын да, қамысын да,
Бир күнде кесип таслайды.
15 Ақсақаллар ҳәм абырайлы
адамлар – бул бас,
Жалған пайғамбарлар – бул
қуйрық.
16 Жол көрсеткенлер бул халықты
адастырды,
Оларға ергенлер басы берик
көшеге кирип қалды.
17 Сонлықтан Ийемиз олардың
жаслары ушын қуўанбас,
Жетим ҳәм жесирине жаны
ашымас.
Себеби ҳәр бири қудайсыз ҳәм
жаўыз,
Ҳәммесиниң аўзынан ақмақ сөз
шығар.
Бирақ, сонда да, Жаратқан
Ийениң ғәзеби басылмас,
Қолы көтерилиўин даўам етер.

18 Жаўызлық от киби жанып,
Тикен ҳәм жантақларды
жалмап жиберер,
Тоғайдағы қалың ағашларды от
алып,
Түтин сүтин болып әласпанға
көтерилер.
19 Әлемниң Жаратқан Ийесиниң
ғәзебинен жер жанар,
Адамлар от ушын отын болып,
Ҳеш ким туўысқанын аямас.
20 Олар оң тәрептен тутып жер,
бирақ ашлығы басылмас,

Шеп тәрептен алып жер, бирақ
қарны тоймас.
Ҳәр ким өз жақынының етин
жер.
21 Менашше Эфрайымның,
Эфрайым Менашшениң етин
жер,
Кейин екеўи биригип, Яҳудаға
ҳүжим етер.
Бирақ, сонда да Жаратқан
Ийениң ғәзеби басылмас,
Қолы көтерилиўин даўам етер.

10 1 Әдалатсыз қағыйдалар
шығарып,
Жәбирлеўши пәрманлар
жазғанлар, ҳәсирет
шегесизлер!
2 Сизлер жарлыларды
ҳуқықынан айырып,
Халқымның ҳәлсизлерин
әдалаттан маҳрум етесиз,
Жесирлерди тонап,
Жетимлерди олжаға
айландырасыз.
3 Сизлер жаза күни,
Узақтан апат келгенде не
қыласыз?
Жәрдем сорап кимге жуўырасыз?
Байлығыңызды қаяққа
қалдырасыз?
4 Тутқынлар арасында дизе
бүгиўден,
Ямаса саўашта өлип кетиўден
басқа шараңыз жоқ.
Бәри бир, Жаратқан Ийениң
ғәзеби басылмас,
Қолы көтерилиўин даўам етер.

### Қудайдың Ассирияға шығарған ҳүкими

5 «Ашыўымның таяғы болған
Ассирия, ҳәсирет шегеди!
Қолындағы таяғы – Мениң
ғәзебим.
6 Оны қудайсыз халыққа,
Ғәзебим келген халыққа қарсы
жиберемен.
Оны талан-тараж қылып,
олжалаўды,
Көшедеги ылай сыяқлы, аяқ
асты қылыўды буйыраман.
7 Бирақ Ассирия патшасы булай
нийет етип,
Булай ойламайды да.
Оның ойы көплеген
миллетлерди қырып, жоқ
қылыў.
8 Ол былай дейди:
„Мениң ләшкербасыларымның
ҳәммеси патшалар емес пе?
9 Кално қаласы Каркемиш
сыяқлы,
Хамат қаласы Арпад сыяқлы,
Самария Дамаск сыяқлы жоқ
болған емес пе?
10 Бутлары Ерусалим менен
Самарияникинен де үлкен
болған,
Бутқа исениўши
патшалықларға қолым
жетти.
11 Самария ҳәм оның бутларына
ислегенимди,
Ерусалим ҳәм оның бутларына
да ислемеймен бе?“»

12 Ийемиз Сион таўына ҳәм Еру-
салимге қарсы барлық ислерин
тамамлап болып, былай дейди:
«Ассирия патшасын мақтанып
көкирек көтергени ҳәм тәкаббир
нәзер таслап жүргени ушын жаза-
лайман. 13 Себеби Ассирия патша-
сы былай дейди:

„Буны өз қолларымның күши
менен,
Өз даналығым менен иследим.
Өйткени мен ақыллыман.
Мен халықлардың шегараларын
алып таслап,
Ғәзийнелерин таладым,
Қүдиретли биреўдей, олардың
патшаларын тахттан
қулаттым.
14 Уя тапқан сыяқлы,
Миллетлердиң байлығын таптым,
Қараўсыз қалдырылған
мәйеклерди жыйнағандай,
Пүткил дүньяны жыйнадым.
Қанат қағып, аўзын ашып,
Айбат еткен болмады“».

15 Балта өзи менен шаўып
атырғанға мақтана ма?
Ямаса жарғы өзи менен кесип
атырғанға өзин мақтай ма?
Таяқ өзин услап турғанды
көтере ала ма?
Ямаса ағаштан болмаған тири
жанды шоқмар көтерип
силке ала ма?
16 Сонлықтан Ийе, Әлемниң
Жаратқан Ийеси,
Ассирияның мықлы
жаўынгерлерине,
Жүдететуғын кеселлик
жибереди.
Оның салтанаты астында
алысып атырған өрт киби,
Жалын тутанады.
17 Израилдың нуры отқа,
Оның Мухаддеси жалынға
айланып,
Ассирияның тикензар хәм
жантақларын,
Бир күнде жандырып, жалмап
жибереди.
18 Оның саўлатлы тоғайлары
менен өнимдар жерлерин,
Пүткиллей жоқ қылады
Жаратқан Ийе,
Жаны да, тәни де набыт
болады,
Аўыр дәртке жолыққан адам
киби.
19 Тоғайдағы тереклердиң аз
қалғаны соншелли,
Ҳәтте, жас балалар да оларды
санап, жаза алады.

### Израилдың аман қалғанлары

20 Сол күни Израилдың
қалғанлары,
Яқыптың урпағының аман
қутылғанлары,
Буннан былай өзлерин
жазалағанларға арқа
сүйемей,
Садықлық пенен Жаратқан
Ийеге,
Израилдың Мухаддесине арқа
сүйейди.
21 Аман қалғанлар, Яқыптың
урпағының аман
қалғанлары,
Күшли Қудайға қайтып келеди.
22 Израил, сениң халқың теңиздиң
қумындай көп санлы
болған болса да,
Тек олардан аман қалғанлары
ғана қайтады.
Жоқ қылыныў қарар етилген,
Ол әдиллик пенен иске
асырылады.
23 Қарар қылынғанындай, Ийе,
Әлемниң Жаратқан Ийеси,
Пүткил жер жүзинде жоқ
қылыныўды әмелге
асырады.

### Ийемиздиң Ассирияны жазалаўы

24 Сонлықтан Ийе, Әлемниң
Жаратқан Ийеси былай
дейди:
«Ҳәй, Сионда жасап атырған
халқым!
Мысырлылардың ислегени
сыяқлы,
Ассириялылар сизлерге
шоқмар көтерип,
Таяқ пенен урғанда, олардан
қорқпаңлар.
25 Көп өтпей, Мениң сизлерге
деген ғәзебим басылып,
Қәҳәрим ассириялыларды жоқ
қылыўға қарай дөнеди.
26 Мен, Әлемниң Жаратқан Ийеси,
Мидянларды Ореб жартасында
қырғаным сыяқлы,[a]
Оларға қарсы қамшымды
көтеремен.
Мысырда қылғаным сыяқлы,
Ҳасамды суўлар үстине
созаман.[b]
27 Сол күни ассириялылардың
жүги еңсеңизден түсип,
Мойынтырығы мойныңыздан
алып тасланады.
Күшке толғаныңыз
себепли, мойынтырық
сындырылады».

28 Ассириялылар Айят қаласына
жүрис қылды,
Мигронды кесип өтип,
Жүклерин Михмаста қалдырды.
29 Қыйын жолдан асып өтип,
Гебада түнеди,
Рама қаласы ләрзеге келди,
Гибада жасайтуғын Шаулдың
халқы қашып кетти.
30 Пәрияд қыл, ҳәй, Галлим қызы!
Қулақ түр, ҳәй, Лайша!
Жуўап бер, ҳәй, Анатот!
31 Мадмена халқы қашып кетти,
Гебим турғынлары пана излеп,
ушты.
32 Бул күни душпанлар Нобта
тоқтайды,
Қыз Сионның таўына,
Ерусалимниң төбешигине муш
көтереди.

33 Мине, Ийе, Әлемниң Жаратқан
Ийеси,
Қорқынышлы күши менен
шақаларды кесип,
Саўлатлы ағашларды шаўып
таслайды,
Бийик тереклер созылып жерге
қулайды.
34 Тоғайдағы қалың жерлерди
Ол балта менен шаўып
таслайды,
Лебанонның қалың тоғайлары
да қулайды.

### Тыныш патшалық

11 1 Ишайдың[c] түбиринен бир
путақ өсип шығып,
Оның тамырынан өсип шыққан
шақа мийўе береди.
2 Жаратқан Ийениң Руўхы:
Даналық ҳәм ақыл-парасат
руўхы,
Мәсләҳәт ҳәм күш-қудирет
руўхы,

---

a **10:26** Бий 7:22-25.
b **10:26** Шығ 14:26-28.
c **11:1** *Ишай* – Даўыт патшаның әкеси.

Жаратқан Ийени билиўҳәм
Оннан қорқыў руўхы,
Оның үстинде болады.
3 Ол Жаратқан Ийеден
қорқыўдан ләззет алар.
Ол көзи көргенине қарап,
ҳүким қылмас,
Қулағы еситкенине қарап,
шешим қабылламас.
4 Ол жарлыларды әдиллик пенен
ҳүким қылып,
Жер бетиндеги кәмбағаллар
ушын туўры қарар шығарар.
Бир аўыз сөзи менен дүньяны
жазалап,
Деми менен залымды өлтирер.
5 Әдиллик Оның белиндеги,
Садықлық Оның
белдемесиндеги қайыс
болар.

6 Сонда қозы қасқыр менен жасар,
Қаплан ылақ пенен жатар,
Баспақ, арыслан ҳәм
семиртилген маллар бирге
болып,
Кишкене балалар оларды
жетеклеп жүрер.
7 Сыйыр айыў менен бирге
отлар,
Олардың төллери бирге жатар,
Арыслан буға сыяқлы сабан
жер.
8 Бөпе жылан уясының үстинде
ойнар,
Нәресте қолын уўлы
жыланның инине тығар.
9 Мухаддес таўымның ҳеш бир
жеринде,
Зыян келтирилмес, ҳеш ким
өлтирилмес.
Себеби теңиз суўға толғаны
сыяқлы,
Жер бети де Жаратқан Ийениң
билимине толар.

10 Сол күни Ишайдан өсип шық-
қан тамыр халықлар ушын бел-
ги болады. Миллетлер Оны излеп
келеди, Оның мәканы салтанат-
лы болады. 11 Сол күни Ийемиз
Өз халқынан аман қалғанларды
қайтарыў ушын екинши рет қо-
лын созады. Ол Ассириядан, Мы-
сырдан, Патрустан, Хабаштаннан,
Эламнан, Шынардан[a], Хаматтан
ҳәм теңиздеги атаўлардан оларды
қайтарып алып келеди.

12 Ол миллетлерге белги етип
байрақ көтерип,
Израилдың қуўғын
болғанларын топлар.
Яҳуданың тарқалып
кеткенлерин,
Жердиң төрт тәрепинен
жыйнар.
13 Эфрайымның қызғаншақлығы
тоқтар,
Яҳуданың душпанлығы жоқ
қылынар,
Эфрайым Яҳуданы күнлемес,
Яҳуда Эфрайымға душпанлық
етпес.
14 Олар батыста филистлерге
ҳүжим етер,
Шығыстағы халықларды бирге
талар,
Эдомға ҳәм Моабқа қарсы қол
көтерер,
Аммонлар бойсынар оларға.
15 Мысыр теңизиниң қолтығын,

---

a **11:11** *Шынар* – бул ески Бабилонияның аты.

Бөлеклеп таслар Жаратқан
Ийе.
Ол Евфрат дәрьясы үстине
қолын созып,
Күйдиретуғын самал жиберер,
Оны жети арнаға бөлер,
Сандал менен өтер адамлар
оннан.
16 Мысырдан шыққан күни,
Израиллыларға шығыў жолы
болғаны киби,
Жаратқан Ийениң халқының
Ассирияда аман
қалғанлары ушын,
Үлкен бир шығыў жолы болады.

## Алғыс-мақтаў қосығы

12 1 Сол күни сен былай дей-
сең:
«Жаратқан Ийе! Сени
алғыслайман.
Сен маған ғәзеплендиң,
Бирақ Өз ғәзебиңди басып,
Мени жубаттың.
2 Ҳақыйқаттан да, Қудай мениң
қутқарыўшым,
Оған үмит байлайман, енди
қорқпайман,
Себеби Жаратқан Ийе болған
Қудай мениң күш-
қүдиретим,
Ол мени қутқарыўға келди».

3 Қутқарылыў булақларынан
қуўаныш пенен суў
аласызлар.
4 Сол күни былай дейсизлер:
«Жаратқан Ийеге
миннетдаршылық
билдирип,
Оның атын айтып шақырыңлар,
Халықларға Оның ислерин
билдирип,
Атының уллылығын
жәриялаңлар.
5 Жаратқан Ийеге саз шертип,
алғыс айтыңлар,
Себеби Ол уллы ислер иследи,
Буны пүткил дүнья билсин!
6 Қуўаныштан қышқыр Сион
халқы, шадланып бақыр,
Өйткени араңыздағы
Израилдың Мухаддеси
уллы!»

## Бабилонға қарсы пайғамбаршылық

13 1 Амос улы Ийшая көрген
аянда Бабилон туўралы ай-
тылған пайғамбаршылық сөз:

2 Тақыр төбе басына байрақ
тигиң,
Шабыўылшыларға даўыслап
бақырың.
Ақсүйеклердиң дәрўазаларына
кириўи ушын,
Қол былғап, оларға белги
бериң.
3 Мен Өзимниң таңлап
алғанларыма буйрық
бердим.
Ғәзебимди шашыў ушын,
жаўынгерлеримди
шақырдым.
Мениң жеңисиме
қуўанатуғынларды
топладым.

4 Таўлардағы аламанның
бақырысқан даўысын
тыңлаң,
Ол сансыз халықтың даўысына
мегзер.
Бир жерге жыйналған
миллетлердиң,

Яғный патшалықлардың
қышқырысқан даўысын
тыңлаң!
Әлемниң Жаратқан Ийеси
саўашқа ләшкер
топламақта!
5 Жаратқан Ийе ҳәм Оның ғәзеп
қураллары,
Пүткил жерди жоқ қылыў
ушын,
Узақ жерлерден, аспанның
шетинен киятыр олар.

6 Пәрияд етиң! Жаратқан Ийениң
ҳүким күни жақын қалды!
Ол келеди Қүдирети күшли
Қудайдың апатшылығы
киби.
7 Сол себепли қолларда дәрман
қалмас,
Ҳәр бир адамның руўхы түсер.
8 Оларды қорқыныш бийлеп,
Дәрт ҳәм қайғы басар,
Толғақ тутқан ҳаялдай азап
шегер,
Бир-бирине ҳайран болып қарар,
Жүзлери оттай лаўлап жанар.

9 Мине, Жаратқан Ийениң ҳүким
күни киятыр!
Жер жүзин ўайран етип,
Ондағы гүнакарларды жоқ
қылыў ушын,
Рeҳимсиз, қәҳәрли ҳәм
лаўлаған ғәзепке толған.
10 Көктеги жулдызлар, олардың
топары,
Жарықлық таратпас,
Шыққан қуяш қараўытып,
Ай да нурын шашпас.

11 Мен дүньяны жаўызлығы
ушын,
Залымларды қылмыслары
ушын жазалайман.
Менменлердиң менменлигине
шек қояман,
Залымлардың тәкаббирлигин
жерге ураман.
12 Мен адамларды сап алтыннан
да,
Офир алтынынан да сийрек
ушырайтуғын қыламан.
13 Сонлықтан Әлемниң Жаратқан
Ийесиниң,
Мениң ғәзебим лаўлаған күни,
Мен көклерди титиретемен,
Қәҳәримнен жер орнынан
қозғалар.

14 Сонда аңшы қуўған жейрандай,
Шопаны жоқ қойлардай,
Ҳәр бир адам өз халқына
қайтар,
Ҳәр бири өз елине қашар.
15 Ҳәр бир тутылған адам найзаға
саншылар,
Ҳәр бир қолға түскен адам
қылыштан өткерилер.
16 Балалары көз алдында мылжа-
мылжа қылынар,
Үйлери тоналып, ҳаялларының
намысы аяқ асты қылынар.

17 Мине, Мен гүмисти
қәдирлемейтуғын,
Алтынды сүймейтуғын,
Мидиялыларды оларға қарсы
өшегистиремен.
18 Олардың оқ жайлары жас
жигитлерди өлтирер,
Бөпелерге реҳим етпес,
Балаларға да аяныш пенен
қарамас.
19 Мен, Қудай патшалықлардың ең
салтанатлысы,

Калдейлердиң жарқын
мақтанышы болған
Бабилонды,
Содом ҳәм Гомора сыяқлы,
Жер менен жексен етемен.
20 Ол жерде ҳеш қашан адам
жасамас,
Әўладтан-әўладқа мәкан басқан
адам болмас,
Көшпели араблар ол жерге
шатырын тикпес,
Шопанлар да сүриўин ол жерге
жаймас.
21 Бирақ жабайы ҳайўанлар ол
жерге мәкан басар,
Ол жердеги үйлерди жабайы
аңлар ийелер,
Ол жерде үкилер жасар,
Текелер секирип жүрер.
22 Қорған қалаларында сыртланлар,
Көркем сарайларында сағаллар
улыр.
Бабилонның соңы жақын қалды,
Оның күнлери узақ болмас.

### Жаратқан Ийениң халқының үйине қайтыўы

14 1 Жаратқан Ийе Яқыптың
урпақларына рехим етер,
Израилды және таңлап алып,
Өзлериниң елине орналастырар.
Жат жерлилер оларға қосылып,
Яқыптың нәсилине биригер.
2 Халықлар оларды өз жерлерине
алып келер,
Израил халқы болса, оларды
басып алып,
Жаратқан Ийениң жеринде қул
ҳәм шоры қылар.
Өзлерин тутқын қылғанды
тутқын қылып,
Өзлерин езгенлерге
ҳүкимдарлық қылар.

3 Жаратқан Ийе сизлерди азап-
тан, қайғыдан ҳәм қуллықтың аўыр
жүгинен қутқарған күни, 4 Бабило-
ния патшасын мазақ қылып, мына
қосықты айтып берерсиз:

«Мине, езиўшиниң ақыры
келди!
Тәкаббирлиги тамам болды!
5 Жаратқан Ийе залымның
таяғын,
Ҳүкимдардың ҳасасын
сындырды.
6 Ол ғәзепленип, халықларды
үзликсиз сабап,
Аяўсыз езип, миллетлерди
қәҳәр менен басқарған еди.
7 Енди пүткил дүнья тынышлық
ҳәм парахатшылық
ишинде,
Шадланып қосық айтады.
8 Ҳәтте, Лебанонның сәрўи ҳәм
кедр ағашлары,
Шадланып, езиўшилер үстинен
былай дейди:
„Сен жерге қулағаннан бери,
Ҳеш ким бизди шабыўға
келмейди“.

9 Сени күтип алыў ушын,
Өлилер мәканы ҳәрекетке
келеди.
Сени қарсы алыў ушын,
Ол өлилердиң руўхларын,
Жер жүзиниң барлық
басшыларын оятады,
Миллетлердиң барлық
патшаларын,
Тахтларынан турғызады.
10 Олардың ҳәммеси саған:
„Сен де бизлердей ҳәлсиз
болдың,
Бизлерге уқсадың“, – дейди.

11 Салтанатың да, арфаңның
сести де,
Өлилер мәканына кирди.
Шыбын қуртлары астыңа
төселип,
Жаўын қуртлары көрпең болды.

12 Ҳәй, жарқын жулдыз, таң улы,
Көклерден қалай қуладың!
Халықларды езип келген сен,
Енди өзиң жерге жығылдың!
13 Сен ишиңнен былай дедиң:
„Көклерге көтерилемен,
Тахтымды Қудайдың
жулдызларынан,
Жоқарыға қояман.
Қудайлар жыйналатуғын таўда,
Сафон таўында отыраман.
14 Бултлардың үстине шығаман,
Өзимди Қудай Тааладай
қыламан".
15 Бирақ сен өлилер мәканына,
Туңғыйықтың түбине
ылақтырыласаң.

16 Сени көргенлер тигилип қарап,
Тәғдириңе ҳайран қалып,
былай дейди:
„Жерди тербелтип,
Патшалықларды титиреткен,
17 Дүньяны шөлистанға
айландырып,
Ондағы қалаларды қыйратқан,
Тутқынларды үйлерине
қайтармаған адам усы ма?"
18 Миллетлердиң патшалары
салтанатлы жерленип,
Ҳәр бири өз қәбиринде жатыр.
19 Ал сен керексиз путақ киби,
Қәбириңнен сыртқа
ылақтырылдың.
Сен қылыш пенен шабылған,
Таслы туңғыйыққа тасланған,
Өлилер арасында жатырсаң.
Аяқ астында қалған өли денеге
уқсайсаң.
20 Сен басқа патшалар киби
жерленбейсең.
Себеби сен жериңди ўайран
еттиң,
Халқыңды қырдың.
Жаўызлық қылғанлардың
нәсили ҳасла еске
алынбасын!

21 Ата-бабалары ислеген айып
ушын,
Улларын баўызлаўға таярлаң.
Олар қалып, дүньяны
ийелемесин,
Жер бетин өз қалалары менен
толтырмасын».

22 «Мен оларға қарсы көтерилемен,
– дейди Әлемниң Жаратқан
Ийеси, –
Мен Бабилоннан оның атын,
тири қалғанларын,
Урпақларын ҳәм келешек
әўладын жоқ қыламан,
– дейди Жаратқан Ийе. –
23 Мен оны кирпитикенлер
ийелигине,
Батпақлыққа айландырып,
Жоқ қылыў сипсеси менен
сыпырып таслайман,
– дейди Әлемниң Жаратқан
Ийеси».

## Ассирияға қарсы пайғамбаршылық

24 Әлемниң Жаратқан Ийеси бы-
лай деп ант ишти:

«Нени нийет еткен болсам, сол
болады,

Қандай қарарға келген болсам,
сол әмелге асады.
25 Ассириялыларды Өзимниң
елимде сындыраман,
Таўларымда оларды аяқ асты
қыламан.
Олардың мойынтырығы
халқымнан,
Жүклери халқымның ийнинен
алып тасланады.
26 Пүткил дүнья ушын қабыл
етилген қарар бул,
Пүткил миллетлерге созылған
қол бул».
27 Әлемниң Жаратқан Ийеси
қарар етти,
Оны ким бийкар қыла алады?
Ол қолын созды,
Оны ким изге қайтара алады?

### Филистлерге қарсы пайғамбаршылық

28 Патша Ахаз өлген жылы усы
пайғамбаршылық сөз түсти:

29 «Өзлериңизди урған таяқ
сынды деп,
Шадланбаңлар, ҳәй Филистия!
Себеби жыланның тұқымынан
қара жылан туўылар,
Жыланның баласы да зәҳәрли
жылан болар.
30 Жарлының туңғышы тояды,
Мүтәжлер қәўипсизликте
болады,
Бирақ сениң тұқымыңды
ашлықтан қуртаман,
Аман қалғанларыңызды да
өлтиремен.
31 Пәрияд қыл, ҳәй дәрўаза! Дад
сал, ҳәй, қала!
Филистия, қорқыныштан
руўхыңыз түссин!
Арқадан шаң-тозаң булты
киятыр,
Душпан әскерлери сап тартып
киятыр».

32 Миллеттиң хабаршыларына не
деп жуўап беремиз?
Оларға: «Жаратқан Ийе
Сионды қурды,
Халқының жарлылары сол
жерден пана табады», –
деймиз.

### Моабқа қарсы пайғамбаршылық

15 1 Моаб туўралы пайғамбар-
шылық сөз:

Моабтың Ар қаласы,
Бир түнде қарабақанаға
айланып,
Моаб жоқ болды!
Моабтың Кир қаласы,
Бир түнде қарабақанаға
айланып,
Моаб жоқ болды!
2 Дибон халқы жылаў ушын
ибадатханаға,
Сыйыныў орынларына шықты.
Моаб халқы Небо ҳәм Медеба
ушын жоқлаў айтар,
Ҳәр бири шашын алдырып,
сақалын қырқар.
3 Көшелерде халық аза кийимин
кийер,
Үйдиң төбелеринде,
майданларда,
Ҳәмме пәрияд етип, зар еңиреп
жылар.
4 Хешбон менен Элале бақырып
жылар,
Олардың даўысы Яҳасқа дейин
еситилер.

Сонлықтан Моабтың әскерлери
де зар жылар,
Қорқыныштан жүреклери
қалтырар.

5 Жүрегим Моаб ушын жылайды,
Қашқынлары Соарға,
Эглат-Шелишияға қашып кетеди.
Олар жылаўы менен Лухит
бийиклигине көтерилип,
Хоронайымға баратуғын жолда,
Ўайран болғаны ушын дад
салып жылайды.
6 Нимрим суўлары қурып, шөплер
солады,
Таза шөп көгермеди, ҳасла көк
шөп қалмады.
7 Жыйнап-терип, сақлаған
байлығын,
Олар Арабим сайы арқалы
алып кетеди.
8 Моаб жери жылаған даўысқа
толды,
Олардың еңиреўи Эглайымға,
Наласы Беер-Элимге жетти.
9 Дибонның суўлары қанға толған.
Бирақ Мен Дибонның басына,
Буннан бетерин жаўдыраман,
Моабтан қашқанлардың,
Елде қалғанлардың үстине,
Арыслан жиберемен.

# 16

1 Шөл жолы арқалы Селадан,
Қыз Сионның таўына,
Елдиң ҳүкимдарларына,
Қозыларды сыйға жибериң.
2 Моаб ҳаяллары уяларынан
ылақтырып тасланған,
Қалтырап қанат қаққан
қуслардай,
Арнон сайының өткелинде
жүреди.
3 Олар Яҳуда халқына былай
дейди:
«Бизге кеңес бер, қарар қабыл ет,
Күн ортасындағы саяңды,
Түн сыяқлы бизге түсир.
Қуўылғанларды жасыр,
Қашақларды қолға берме.
4 Моабтан қуўылғанлар,
Мәкан бассын араңызда,
Қырғын қылыўшылардан,
Жасырынатуғын пана бол!»

Езиўшилер жоқ болғанда,
Ўайраншылық тоқтап,
Таланшылар елден ғайып болар.
5 Тахт сүйиспеншилик пенен
орнатылар,
Онда садықлық пенен отырар
ҳүкимдар,
Ол Даўыттың хожалығынан
келип шығар,
Әдалатлықты излер, әдилликти
жүзеге асырыўға асығар.

6 Моабтың тәкаббирлиги,
Аса менменлиги,
даңқпаразлығы,
Көкиреклиги ҳәм сурбетлиги
ҳаққында еситтик.
Бирақ олар босқа мақтанады.
7 Соның ушын моаблылар зар
жыласын,
Ҳәммеси бирге Моаб ушын
нала шексин.
Кир-Харесеттиң кишмишлерин
қумартып,
Қайғырып, жоқлаў айтың.
8 Хешбонның егин майданлары,
Сибманың жүзимзарлары
қурып қалды,
Миллетлердиң көсемлери,
Жақсы жүзим ағашлары
басқыланды,

Бул ағашлар Язерге жетип,
Шөлге дейин жайылды.
Шақалары узайып,
Теңизден де асқан еди.
9 Сонлықтан Сибманың
жүзимзарлары ушын,
Язер жылағандай, мен де
жылайман.
Хешбон ҳәм Элале!
Сизлерди көз жасым менен
суўғараман.
Себеби мийўе пискен
ўақыттағы,
Дән орағы ўақтындағы ойын-
күлкиңиз тоқтады.
10 Шадлық ҳәм қуўаныш бағларды
тәрк етти,
Жүзимзарларда ҳеш ким
шадланып бақырмайды,
қышқырмайды да,
Жүзим сығылатуғын
шуқырларда жүзим
сығылмайды,
Қуўанышлы шаўқымларға шек
қойдым.
11 Жүрегим Моаб ушын,
Жаным Кир-Херес ушын лира
сыяқлы нала шегеди.
12 Егер Моаб өзлериниң сыйыныў
орнында пайда болып,
Өзлерин талықтырса да,
Олар дуўа етиў ушын
өзлериниң мухаддес
орынларына келсе де,
Бул ҳеш қандай пайда
бермейди.

13 Бул Жаратқан Ийениң Моаб
ҳаққында әлле қашан айтқан сөзи
еди. 14 Бирақ енди Жаратқан Ийе
былай дейди: «Жалланған исши-
ниң мүддети киби, үш жылдан ке-
йин, Моабтың салтанатының ҳәм
көп санлы халқының абырайы тө-
гиледи. Халқының аман қалған-
лары жүдә аз ҳәм ҳәлсиз болады».

### Қудай Арамды ҳәм Израилды жазалайды

**17** 1 Дамаск туўралы пайғам-
баршылық сөз:

«Мине, Дамаск енди қала деп
саналмас,
Ол қарабақанаға айланады.

2 Ароер қалалары тәрк етиледи,
Сүриўлер жататуғын жайлаўға
айланып,
Оларды үркитетуғын ҳеш ким
болмас.
3 Эфрайымда қорғанлы қала
қалмас,
Дамаскте патшалық болмас,
Арамның аман қалғанлары,
Израилдың салтанаты киби
болар,
– дейди Әлемниң Жаратқан
Ийеси. –

4 Сол күни Яқыптың даңқы өшер,
Майлы денеси азып-тозар.
5 Орақшылардың дәнди жыйнап
алғанындай,
Өз қоллары менен масақты
терип алғанындай болады.
Ол Рефаим ойпатлығында
биреўдиң масақларды
жыйнап алғанына уқсайды.
6 Зәйтүн ағашының мийўеси
қағып алынғаннан соң,
Ең төбесинде еки-үш зәйтүн,
Өнимдар шақасында төрт-бес
зәйтүн қалғаны сыяқлы,
Тек бир неше адам ғана аман
қалады,

– дейди Израилдың Қудайы
Жаратқан Ийе».

7 Сол күни халық Жаратқанға
нәзерин тигеди,
Көзлери Израилдың
Мухаддесин көреди.
8 Енди олар өзлери ислеген
қурбанлық орынға
қарамайды.
Қоллары менен соққан кийели
ағашларға,
Түтетки түтетилетуғын
орынларға нәзер
салмайды.
9 Сол күни олардың бекинисли
қалалары,
Израиллылардан қашқан
хийлер менен аморлардың,
Тәрк еткен қалалары сыяқлы
шөлге айланады.
10 Сен өз Қутқарыўшы Қудайыңды
умыттың,
Өз Қорғаның болған Жартасты
еске алмадың.
Сонлықтан унамлы өсимликлер
ексең де,
Басқа жақтан алып келип,
жүзим нәллерин
отырғызсаң да,
11 Оларды еккен күни өсирсең де,
Отырғызып баслаған күни
азанда гүллетсең де,
Ҳәстелик ҳәм дәрт күни
келгенде,
Жыйнап алар дақыл болмайды.

12 Көп миллетлердиң шуўылдысы,
Теңиздиң шуўылдысындай
шуўылдайды!
Халықлардың гүўилдиси,
Күшли толқынлар киби
гүўилдейди!
13 Миллетлер күшли
толқынлардың гүўилдиси
киби гүўилдесин,
Бирақ Қудай оларды
әшкаралағанда,
Төбелерде самал ушырған
қаўық киби,
Узақларға қашып кетеди.
Дүбелей ушырған қаңбақтай
айланады.
14 Кешки ўақыт, мине,
қорқыныш!
Азанға таман олар жоқ болып
кетеди!
Бизлерди тонағанлардың пайы,
Бизлерди талан-тараж
қылғанлардың тәғдири
усындай болады.

### Қудай Хабашстанды жазалайды

18 1 Хабашстан дәрьялары-
ның арғы жағында жасай-
туғын,
Қанатларын суўылдататуғын
ел, ҳәсирет шегесиз!
2 Сол ел қамыстан исленген
қайық пенен,
Нил дәрьясы арқалы өз
елшилерин жибереди.
Ҳәй, жүйрик хабаршылар!
Жерлери дәрьялар менен
бөлинген,
Узын бойлы, тегис терили
миллетке,
Жақын-алысқа қорқыў салған
халыққа,
Күшли ҳәм басқыншы
миллетке қайтыңлар.

3 Ҳәй сизлер, пүткил дүнья
турғынлары,
Жер бетинде жасаўшылар!

Таў басында урыс жалаўы
көтерилсе, қараңлар,
Кәрнай шалынғанда, еситиңлер.
4 Жаратқан Ийе маған былай деди:
«Күнниң ҳәўирли ыссысы
сыяқлы,
Жыйын-терим ўақтындағы
шықлы булт сыяқлы,
Мен Өз мәканымнан тыныш
қарап тураман».

5 Ҳасыл жыйналмастан алдын,
Гүллеп болып, гүл жүзимге
айланғанда,
Ол бағ қайшысы менен
путақларды кесип,
Жайылған шақаларды шаўып,
ылақтырады.
6 Ҳәммеси таўлардағы жыртқыш
қусларға,
Жердеги жабайы ҳайўанларға
қалады.
Олар жазда жыртқыш қусларға,
Қыста жабайы ҳайўанларға
жем болады.

7 Сол ўақытта жерлери дәрьялар
менен бөлинген,
Узын бойлы, тегис терили
миллет,
Жақын-алысқа қорқыў салған
халық,
Күшли ҳәм басқыншы миллет,
Әлемниң Жаратқан Ийесине,
Әлемниң Жаратқан Ийесиниң
аты болған жерге,
Сион таўына саўғалар алып
келеди.

## Мысыр туўралы пайғамбаршылық

19 1 Мысыр туўралы пайғамбаршылық сөз:
Мине, Жаратқан Ийе ушқыр
бултқа минип алып,
Мысырға келеди.
Оның алдында Мысыр бутлары
титирейди,
Мысырлылардың руўхлары
түсип кетеди.

2 «Мен мысырлыны мысырлыға
қарсы көтеремен,
Туўысқан туўысқанға, қоңсы
қоңсыға, қала қалаға,
Патшалық патшалыққа қарсы
урысады.
3 Мысырлылардың руўхы түседи,
Нийетлерин пушқа шығараман.
Олар бутларынан, өли
руўхларынан,
Әрўақларды ҳәм руўхларды
шақырыўшылардан
мәсләҳәт сорайды.
4 Мен мысырлыларды залым
хожайынлардың қолына
беремен,
Олардың үстинен реҳимсиз
патша ҳүким сүреди»,
– дейди Ийе, Әлемниң
Жаратқан Ийеси.

5 Нилдиң суўы қурып,
Тармақлары тартылып, қурғап
қалар.
6 Оның каналлары патасланар.
Мысырдағы Нилдиң
тармақлары қурып, кеўип
қалар,
Жекенлер ҳәм қамыслар ширип
кетер.
7 Нилдиң жағасындағы басқа
өсимликлер,
Нил дөгерегиндеги
атызлардағы егинлер
қуўрап,

Самал менен ушып, жоқ болар.
8 Балықшылар дад салып, зар
жылар,
Нилге қармақ салып, күн көрип
отырғанлар,
Суўға аў таслағанлар
түскинликке түсер.
9 Зығырдың қабығына ислеў
бериўшилер,
Жақсы зығыр таўар
тоқыўшылар уятқа қалар.
10 Кийим тоқыўшылар қайғыға
батып,
Жалланба жумысшылар
түскинликке түсер.

11 Соанның хызметкерлери
қандай ақылсыз?
Фараонның дана кеңесшилери
ақмақ кеңес береди.
Сизлер қалайынша фараонға:
«Мен данышпанның улыман,
Әййемги патшалар
нәсилиненмен», – дей
аласыз.
12 Ҳәй фараон, қәне сол дана
адамларың?
Әлемниң Жаратқан Ийеси
Мысырға қарсы нени
мақсет қылғанын,
Олар саған айтып берсин,
билдирсин.
13 Соанның хызметкерлери
ақылдан адасты!
Ноф ҳүкимдарлары алданды!
Мысырды өз урыў басшылары
жолдан адастырды.
14 Жаратқан Ийе оларға ақылынан
адастырыў руўхын жиберди,
Өз қусығына тайып жығылған
мәскүнем қандай болса,
Олар да Мысырды ҳәмме
исинде адастырды.
15 Бас та, қуйрық та, пальма
шақасы да, қамыс та,
Мысыр ушын ҳеш нәрсе қыла
алмады.

## Мысырлылардың Жаратқан Ийеге бойсыныўы

16 Сол күни мысырлылар ҳа-
ял адамға уқсап қалып, Әлемниң
Жаратқан Ийеси өзлерине қарсы
қол көтермей атырып, қорқып, ти-
тиреседи. 17 Яҳуда ели мысырлы-
ларға қәўип туўдырады. Яҳуданың
аты аталғанда, Әлемниң Жаратқан
Ийесиниң Мысырға қарсы шығар-
ған қарарынан ҳәр бир мысырлы
қорқатуғын болады.
18 Сол күни Мысырда бес қала
қанан тилинде сөйлеп, Әлемниң
Жаратқан Ийесине садық болыў-
ға ант ишеди. Олардың бири Қуяш
қаласы деп аталады.
19 Сол күни Мысырдың ортасына
Жаратқан Ийеге арнап қурбанлық
орын қурылып, елдиң шегарасына
Оған арналған естелик тас қойыла-
ды. 20 Бул Әлемниң Жаратқан Ийеси
ушын Мысырда бир белги ҳәм гүўа-
лық болады. Олар езиўшилер себеп-
ли Жаратқан Ийеге жалбарынғанда,
Жаратқан Ийе мысырлыларға қут-
қарыўшы жиберип, ғамхорлық қы-
лады ҳәм азат етеди. 21 Жаратқан
Ийе Өзин мысырлыларға таны-
тады ҳәм сол күни мысырлылар
Жаратқан Ийени таныйды. Олар
қурбанлықлар ҳәм ғәлле садақа-
лары менен Жаратқан Ийеге сыйы-
нады, Оған ўәделер берип, оларды
орынлайды. 22 Жаратқан Ийе Мы-
сырды жазалайды ҳәм жазалаған-
нан кейин Өзи оларға шыпа береди.
Мысырлылар Жаратқан Ийеге жүз

бурады, Жаратқан Ийе де олардың
жалбарыныўларына қулақ салып,
оларға шыпа береди.
23 Сол күни Мысырдан Ассирияға
кең жол ашылады. Ассириялылар
Мысырға, мысырлылар Ассирияға
барады. Мысырлылар ассириялы-
лар менен бирге сыйынады.
24 Сол күни Израил Мысыр менен
Ассирия қасындағы үшинши ел бо-
лып, олар арқалы дүнья жарылқа-
нады. 25 Әлемниң Жаратқан Ийеси:
«Халқым Мысыр, Өз қолымның
иси болған Ассирия ҳәм мийра-
сым Израил жарылқансын», – деп
оларға ақ пәтиясын береди.

### Мысыр ҳәм Хабашстан туўралы пайғамбаршылық

**20** 1 Ассирияның сәркәрдасы Ас-
сирия патшасы Саргонның
буйрығы менен Ашдодқа ҳүжим жа-
сап, қаланы қолға киргизген жылы,
2 Жаратқан Ийе Амос улы Ийшая
арқалы сөйледи. Ол Ийшаяға:
– Барып, үстиңдеги аза кийимди
ҳәм аяғыңдағы сандалды шешип
тасла, – деди. Ол солай ислеп, жа-
лаңаш ҳәм жалаңаяқ жүрди.
3 Сонда Жаратқан Ийе былай деди:
– Қулым Ийшаяның үш жыл жа-
лаңаш ҳәм жалаңаяқ жүргени Мы-
сыр ҳәм Хабашстан ушын белги
ҳәм нышан болады. 4 Мысырды
шерменде қылыў ушын Ассирия
патшасы Мысыр тутқынларын,
Хабашстаннан сүргин болғанлар-
ды, олардың жасын ҳәм ғаррысын
жалаңаш, жалаңаяқ, уятлы жер-
лери ашық ҳалда айдап кетеди.
5 Хабашстанға үмит байлап, Мы-
сыр менен мақтанғанлар қорқып,
уятқа қалады. 6 Сол күни бул те-
ңиз жағасының турғынлары былай
дейди: «Қара, Ассирия патшасынан
қутылыў ушын жәрдем күтип, үмит
байлағанымыз не болды?! Енди
бизлер қалай қашып қутыламыз?»

### Бабилон туўралы пайғамбаршылық

**21** 1 Теңиз жағасындағы шөл[a]
туўралы пайғамбаршылық
сөз:

Қубладан дүбелейлердиң
дүбегени киби,
Басқыншы да шөлден,
қорқынышлы журттан
келеди.

2 Маған бир қорқынышлы аян
түсти:
Сатқан сатады, талаўшы талайды.
Ҳүжим ет, Элам! Қамал қыл,
Мидия!
Ол себепли болған налаларды
ақырына жеткеремен.

3 Сол себепли белим шаншып,
Туўатуғын ҳаялдың толғағы киби,
Толғақ тутты мени.
Еситкенлеримнен еки бүгилип,
Көргенлеримнен қорқынышқа
түстим.
4 Жүрегим ҳәўлирип, қорқыныш
бийлеп алды мени,
Ымырт жабылыўын күткен едим,
Бирақ ол мени қорқынышқа
салды.

---

a **21:1** *Теңиз жағасындағы шөл* – Персия қолтығындағы Бабилонияның қубла бөлеги.

5 Гилемлер төселип, дастурхан
жайылып,
Жеп ҳәм ишип атыр екен.
Турыңлар, әскербасылар,
қалқанларыңызды
майлаңлар!

6 Ийе маған былай деди:
«Барып, гүзетши қой, көргенин
айтсын.
7 Ол саўаш арбаларын, қос
ат жегилген арбаға
мингенлерди,
Ешекке, түйеге мингенлерди
көрсе,
Оларға муқыятлы түрде дыққат
қойсын!»

8 Гүзетши былай деп бақырды:
«Мырзам, күн бойы мен
минарада тураман,
Түнде де өз орнымда
нәўбетшиликте боламан.
9 Әне, олар қос ат жегилген саўаш
арбада киятыр».
Кейин гүзетши бақырып
хабарлады:
«Қулады Бабилон, қулады!
Оның қудайларының барлық
мүсинлери,
Қыйрап жерде жатыр».

10 Қырманда бийдай киби
женшилген халқым!
Әлемниң Жаратқан Ийесинен,
Израилдың Қудайынан,
Еситкенлеримди сизлерге аян
қылдым.

## Эдом туўралы пайғамбаршылық

11 Дума[a] туўралы пайғамбаршы-
лық сөз:

Биреў мени Сеирден шақырады:
«Гүзетши, таң атыўға қанша
қалды?
Гүзетши, қашан түн тамам
болады?»

12 Гүзетши былай дейди:
«Таң атады, бирақ және түн
қайтып келеди,
Егер сорағыңыз келсе, қайтып
келип сорай бериң».

## Арабстан туўралы пайғамбаршылық

13 Арабстан туўралы пайғамбар-
шылық сөз:

Деданлылардың кәрўанлары!
Арабстан тоғайларында
түнейсизлер.
14 Тема жериниң турғынлары!
Шөллегенге суў бериңлер,
Қашқынларға аўқат бериңлер.
15 Олар қылыштан,
жалаңашланған қылыштан,
Керилген оқ жайдан, ғыжлаған
урыстан қашып келеди.

16 Ийе маған былай деди: «Бир
жылдан кейин, жалланған исши-
ниң мүддети киби, Кедардың пүт-
кил салтанаты ақырына жетеди.
17 Кедардың сарыжайшы жаўын-
герлеринен азғантайы ғана аман

---

a **21:11** *Дума* – еврейше «жым-жыртлық» дегенди билдиреди, бирақ бул жерде жеке ат сыпатында қолланылып, арқа Арабия ямаса эдом халқын билдириўи мүмкин.

қалады». Буны Израилдың Қудайы Жаратқан Ийе айтты.

### Ерусалим туўралы пайғамбаршылық

**22** 1 Аян ойпатлығы туўралы пайғамбаршылық сөз:

Не болды сизлерге?
Неге ҳәммеңиз үшеклерге
шығып алдыңыз?
2 Ҳәй, шаўқым-сүренге толы,
Ғалмағаллы ҳәм шадлы қала!
Өлгенлериңиз қылыштан да
өлмеди,
Саўашта да өлмеди.
3 Ҳүкимдарларың биргеликте
қашып кетти,
Бирақ оқ жайларынан бир оқ
атпай-ақ тутқынға түсти.
Олар узаққа қашып кеткен еди,
Табылғанлардың ҳәммеси
тутқынға алынды.
4 Сонда мен былай дедим:
«Мени жалғыз қалдырың,
өкирип жылап алайын.
Халқымның қырғынға
ушырағаны ушын,
Тәселле бермең маған».

5 Себеби Ийе, Әлемниң Жаратқан
Ийесиниң,
Аян ойпатлығында ғаўғалы,
Зорлық-зомбылыққа толы ҳәм
ала-сапыран күни болады.
Сол күни дийўаллар қулап,
Жәрдем сораған даўыслар
таўларды жаңғыртады.
6 Элам оқ жай ҳәм оғын алып,
Саўаш арбалары ҳәм атлылары
менен келди.
Кир әскерлери қалқанларын
таярлады.
7 Сениң сайланды
ойпатлықларың саўаш
арбаларына толды,
Атлылар қала дәрўазасы
жанында сап тартып тур.
8 Жаратқан Ийе Яҳуданың
бекинислерин күл-талқан
қылды.

Сол күни «Лебанон тоғайы»
деп аталатуғын имараттағы,
Қурал-жараққа үмит етип
қарадыңыз.
9 Сизлер Даўыттың қаласының
дийўалларында,
Көп жарықларды көрдиңиз.
Төменги ҳәўизге суў сақлап
қойдыңыз.
10 Сизлер Ерусалимдеги үйлерди
қарап шығып,
Дийўалды питеў ушын,
үйлерди буздыңыз.
11 Ески ҳәўиздиң суўлары ушын,
Еки дийўал арасына суў
сақлағыш қурдыңыз.
Бирақ буны Кимниң ойлап
қойғанына нәзер
салмадыңыз,
Буны Кимниң әзелден жоба
қылғанына итибар
бермедиңиз.

12 Сол күни Ийе, Әлемниң
Жаратқан Ийеси,
Жылап, аза тутыўға,
Шашларыңызды алдырып, аза
кийим кийиўге шақырды.
13 Бирақ сизлер: «Келиңлер, ишип-
жеп қалайық,
Себеби ертең өлемиз-ғо», – деп,
Өгиз сойып, қой шалып,
Гөш жеп, шарап ишип,
Кейпи-сапа қурып атырсыз.

14 Сонда Әлемниң Жаратқан
Ийеси қулағыма:
«Бул гүна өлгениңизше
кеширилмейди», – деди.
Буны Ийе, Әлемниң Жаратқан
Ийеси айтты.

### Шебнаға ескертиў

15 Ийе, Әлемниң Жаратқан Ийе-
си былай дейди: «Қәне, патшаның
оң қолы болған, сарай басқарыў-
шысы сол Шебнаға барып, былай
деп айт: 16 „Бул жерде не жумысың
бар? Өзиңе қәбир оятуғындай, бул
жерде кимиң бар? Жоқарыда өзиңе
қәбир қазып, жартасқа жасаў ушын
үңгир ойыпсаң. 17 Ҳәй, күшли адам!
Жаратқан Ийе сени ылақтырып
жибереди. Ол сени беккем услап
алып, 18 айландырып-айландырып,
топ киби кең бир елге ылақтырып
жибереди. Сен сол жерде өлесең.
Әжайып саўаш арбаларың сол жер-
де қалады ҳәм сен мырзаңның үйин
шерменде қыласаң. 19 Мен сени өз
лаўазымыңнан түсирип, орныңнан
алып таслайман.
20 Сол күни Мен қулым Хилкия
улы Элякимди шақыраман. 21 Се-
ниң кийимлериңди оған кийги-
зип, белине белбеўиңди байлайман
ҳәм ҳәкимшилигиңди оған бере-
мен. Ол Ерусалим турғынларының
ҳәм Яҳуда халқының әкеси болады.
22 Даўыттың үйиниң гилтин оның
мойнына асаман. Оның ашқанын
ҳеш ким жаба алмайды, оның жап-
қанын ҳеш ким аша алмайды. 23 Мен
оны қатты жерге қағылған қазықтай
етип қағаман. Ол өз нәсили ушын
салтанат тахты болады. 24 Оның хо-
жалығының пүткил абырайы: оның
урпақлары ҳәм шақалары – оның
кеседен гүзеге шекемги барлық
ыдыслары оған жүкленеди.
25 Сол күни, – дейди Әлемниң
Жаратқан Ийеси, – қатты жерге
қағылған қазық босап, суўыры-
лып, қулап түседи. Оған илинген
барлық жүк те алып тасланады.
Буны Жаратқан Ийе айтты“».

### Тир туўралы пайғамбаршылық

23 1 Тир туўралы пайғамбар-
шылық сөз:

Үлкен саўда кемелери, жылаңлар!
Тир қаласы ўайран болды,
Үйсиз, баспанасыз қалды.
Киттим жерлеринен оларға
хабар келди.
2 Теңизден жүзип өткенлер
арқалы байыған,
Атаў халқы ҳәм Сидон
саўдагерлери, үндемең!
3 Мол суў жолы арқалы,
Шихордың дәни, Нилдиң
зүрәәти пайдаңыз еди.
Миллетлердиң саўда орайы
едиңиз.

4 Уял, ҳәй Сидон, теңиз
жағасындағы қорған!
Теңиз саған былай дейди:
«Толғақ та тутпады, туўмадым да,
Ул да тәрбияламадым, қыз да
өсирмедим».

5 Хабар Мысырға жеткенде,
Тир ҳаққындағы хабардан
Мысыр қорқып, қайғыға
түседи.
6 Таршишке қарай жүзиң,
Ҳәй, атаў турғынлары, пәрияд
етиң!

7 Ҳаслында әзелден бар болған,
Узақ үлкелерге аяғы жетип,
қоныс басқан,
Шадлыққа бөленген қалаңыз
усы ма?

8 Патшаларға таж кийдиретуғын,
Тирге қарсы бул исти ким
белгиледи?
Саўдагерлери ҳүкимдарлар
болып,
Олар дүньяның абырайлы
адамлары еди.
9 Менменлигиниң негизи болған
пүткил даңқ-атағын
хорлаў,
Дүньяның барлық абырайлы
адамларын жер қылыў
ушын,
Әлемниң Жаратқан Ийеси
усылай қарар шығарды.

10 Ҳәй, қыз Таршиш!
Нил сыяқлы елиңди кесип өт,
Ол жерде енди жағыс
болмайды.
11 Жаратқан Ийе қолын теңиз
үстине созып,
Патшалықларды титиретти.
Қанан қорғанларын
қыйратыўды буйырды.
12 Ол былай деди:
«Ҳәй, езилген пәк қыз Сидон!
Сен енди йошланбайсаң.
Тур, Киттимге бар,
Ол жерде де рәҳәт көрмейсең».

13 Калдейлердиң жерине қара!
Бул халық жоқ енди.
Ассириялылар оны жабайы
ҳайўанларға берди.
Олар қалаға қарсы ағаш минара
тиклеп,
Сарайларын қыйратты,
Қаланы қарабақанаға
айландырды.
14 Жылаңлар, үлкен саўда
кемелери,
Қорғаныңыз ўайран болды!

15 Сол күннен баслап Тир жетпис
жылға, бир патшаның өмириндей
ўақытқа умытылады. Усы жетпис
жыл тамамланғанда, бузық ҳаял
ҳаққында айтылған мына қосық-
тағылар Тирдиң басына түседи:

16 «Ҳәй, умытылған бузық ҳаял!
Лира алып, қаланы айлан,
Жақсы нама шертип, бир
қанша қосықлар айт,
Бәлким, сени еслеп қалар».

17 Жетпис жылдан соң, Жаратқан
Ийе Тирге жақсылық қылады. Қала
өз саўдасына қайтып, жер бетинде-
ги барлық патшалықлар менен бу-
зықшылық қылады. 18 Бирақ оның
саўдадан ҳәм хызметтен алған дәра-
матлары Жаратқан Ийеге бағышла-
нады. Дәраматлар сақланбайды да,
жыйналмайды да. Саўдадан алын-
ғанлар тойғанша жеў, сулыў кийиниў
ушын Жаратқан Ийениң дәргайында
жасайтуғынларға бериледи.

### Жаратқан Ийе жер бетин жазалайды

**24** 1 Мине, Жаратқан Ийе
дүньяны ўайран етип, қа-
рабақанаға айландырады,
Жер бетин күл-талқан етип,
турғынларын тарқатып
жибереди.
2 Халыққа не болса, руўханийге
де сол болады.

Қулға не болса, хожайынға да
сол болады.
Шорыға не болса, бийкеге де
сол болады.
Қарыйдарға не болса,
сатыўшыға да сол болады.
Қарыз алыўшыға не болса,
қарыз бериўшиге де сол
болады.
Қарыздарға не болса, пайда
алыўшыға да сол болады.
3 Жер бети толық ўайран етилип,
толық талан-тараж
қылынады.
Бул сөзди Жаратқан Ийе айтты.

4 Жер жүзи кеўип, қурғап
қалады,
Дүнья сөнип, солыйды,
Дүньядағы күшлилер күштен
талады.
5 Дүньяда жасайтуғынлар жерди
ҳарамлады,
Олар нызамларға бойсынбады,
қағыйдаларды аяқ асты
қылды,
Мәңгилик келисимди бузды.
6 Сол себепли дүньяға нәлет
жаўады,
Турғынлары гүнасының
жазасына тартылады.
Жер бетинде жасаўшылар отқа
жағылып,
Тек азғантай адам қалады.
7 Таза шарап азаяды, жүзим
путалары солыйды,
Шадланып жүриўшилер аҳ
урады.
8 Дәптиң шадлы ҳаўазы басылды,
Қуўанғанлардың сести тынды,
Лираның шадлы ҳаўазы да
сөнди.
9 Енди қосық айтып шарап ишпес,
Өткир ишимлик дәми де
ишкенлерге ашшы
түйилер.
10 Ўайран болған қала
қарабақанаға айланған,
Ҳәр бир үй жабылған, ҳеш ким
кире алмас.
11 Көшелерде шарап ушын нала
шегер,
Шадлық қайғыға айланған,
Қуўаныш жер бетин тәрк етти.
12 Қала қарабақанаға айланған,
Қала дәрўазалары күл-талқан
болған.
13 Зәйтүн ағашы қағылғанда,
Яки жүзим жыйнап
алынғаннан кейин,
Қалған мийўелерге не болса,
Дүньядағы миллетлерге де сол
болады.

14 Аман қалғанлар даўысларын
көтерип,
Шадланып бақырады.
Жаратқан Ийениң уллылығын
айтып,
Батыстан бақырады.
15 Сонлықтан шығыста Жаратқан
Ийени,
Теңиз жағасында Израилдың
Қудайы Жаратқан Ийениң
атын даңққа бөлең.
16 Жердиң шетинен алғыс-мақтаў
қосықларын еситемиз:
«Әдил Болғанға даңқ-атақ
болсын!»
Бирақ мен былай дедим:
«Қурып қалдым, қурып
қалдым!
Сорым қурыйды!
Сатқынлар сатқынлық
қылмақта,
Сатқынлығы шексиз олардың».

17 Ҳәй дүньяда жасаўшылар!
Қорқыў, шуқыр ҳәм дузақ
басыңызға түседи.
18 Сонда қорқыў даўысынан
қашқан шуқырға түседи,
Шуқырдан шыққан дузаққа
түседи.
Аспан қақпақлары ашылып,
Жердиң тийкары титирейди.
19 Жер бөлек-бөлек болып,
Майдаланып кетеди,
Ол күшли силкинеди.
20 Жер мәс адамдай сүрнигеди,
Даўылдағы шертектей
шайқалады,
Қылмыслары оған аўыр жүк
болады,
Жығылады, қайтып тура
алмайды.

21 Сол күни Жаратқан Ийе
жоқарыдағы, көклердеги
күшлерди,
Жердеги дүнья патшаларын
жазалайды.
22 Олар зиндандағы тутқынлар
киби, бир жерге жыйналып,
Зинданға қамалады ҳәм бир
қанша ўақыттан кейин,
жазаланады.
23 Сонда ай уялып, қуяш шерменде
болады.
Әлемниң Жаратқан Ийеси
Сион таўында,
Ерусалимде патшалық етип,
Халық ақсақаллары алдында
Өз салтанатын көрсетеди.

## Алғыс-мақтаў қосығы

**25** 1 Жаратқан Ийе, Сен мениң Қудайымсаң!
Сени уллылайман, атыңа алғыс
айтаман.
Себеби Сен әжайып ислер
қылдың,
Әзелден дүзген режелериңди,
Садықлық ҳәм исеним менен
жүзеге асырдың.
2 Сен қаланы тас үйиндисине,
Қорған қаланы қарабақанаға
айландырдың.
Жат жерлилердиң сарайы
болған қаланы жоқ қылдың,
Ол енди ҳеш қашан қайта
қурылмас.
3 Сонлықтан күшли халықлар
даңққа бөлер Сени,
Реҳимсиз халықлар қорқар
Сеннен.
4 Сен жарлыларға,
Апатқа ушырағанда,
кәмбағалларға пана болдың.
Боранда баспана, жәзийрамада
сая болдың.
Реҳимсизлердиң қәҳәрли деми,
дийўалға урылған даўылға,
5 Қурғақ жердеги ыссыға уқсар.
Сен жат жерлилердиң
шаўқымын,
Ыссыны булт саясы менен
бастырғандай бастырдың,
Реҳимсизлердиң қосығы да
сөнди.

## Қудай таярлаған зыяпат

6 Сион таўында Әлемниң
Жаратқан Ийеси,
Пүткил халықлар ушын мол
тағамлы,
Жыллаған шараплы, майлы
жиликли,
Тазартылған шараплы зыяпат
береди.
7 Бул таўда Ол барлық
халықларға жабылған
пәренжелерди,

Барлық миллетлерге жабылған
жапқышларды жоқ
қылады.
8 Ол өлимди мәңгиге жутып
жибереди.
Қудай Ийе ҳәмmениң көз
жасын сүртип қояды,
Өз халқының шерменделигин
пүткил жер жүзинен алып
таслайды.
Буны Жаратқан Ийе айтты.

9 Сол күни адамлар былай дейди:
«Мине, бизлердиң Қудайымыз,
Оған үмит байлаған едик,
бизди қутқарды,
Бул – биз үмит байлап күткен
Жаратқан Ийе,
Оның қутқарғанына қуўанып,
шадланайық».
10 Жаратқан Ийениң қолы Сион
таўын қорғайды,
Дәрис тасланған шуқырда
сабанның езилгени киби,
Моаб та өз елинде аяқ асты
болады.
11 Жүзиўши қолын жүзиў ушын
сермегени сыяқлы,
Моаб та дәрис ишинде
қолларын сермейди.
Бирақ қанша ҳәрекет етсе де,
Жаратқан Ийе оның
менменлигин басып қояды.
12 Бийик ҳәм беккем дийўалларын
жығып, қулатып,
Жер менен жексен қылады.

## Алғыс-мақтаў жыры

**26** [1] Сол күни Яҳуда жеринде мына жыр айтылады:

«Бизде күшли қала бар!
Қудайымыздың қутқарыўы,
Дийўаллар менен қорғанлар
сыяқлы оны қорғайды.
2 Дәрўазаларды ашыңлар!
Садықлықты сақлаған әдил
миллет ишке кирсин.
3 Саған үмит артқаны ушын,
Пикирин Саған бағышлағанды,
Толық тынышлықта сақлайсаң.
4 Жаратқан Ийеге мәңгиге үмит
байла,
Өйткени Ол мәңгилик сүйеўши
жартас.
5 Ол тәкаббирлерди жерге урар,
Бийик қаланы қулатар,
Жер менен жексен қылып,
топыраққа айландырар.
6 Ол қала аяқ асты болып,
Жарлылардың аяғы,
Кәмбағаллардың табаны менен
басқыланар».

7 Әдилдиң жолы тегис,
Ҳақ Болған, Сен әдилдиң
соқпағын дүзиў қыласаң.

8 Жаратқан Ийе! Ҳүкимлериңе
әмел қылып,
Сени күтемиз.
Атыңды ҳәм Сени есте сақлаў
жүрегимиздиң тилеги.
9 Түнде жаным Сени аңсайды,
Ишимдеги руўхым Сени излейди.
Жерде ҳүким жүргизгениңде,
Дүньяда жасаўшылар
әдилликти үйренеди.
10 Залымға реҳим көрсетилсе де,
Олар әдилликти үйренбес.
Ҳәтте, ҳақыйқатшыллардың
жеринде наҳақлық етер.
Жаратқан Ийениң уллылығын
көрмес.
11 Жаратқан Ийе, қолың
көтерилген,

Бирақ олар көрмес.
Олар Сениң халқыңа деген
ықласыңды көрип, уялсын.
Душпанларыңа нийетлеген от
оларды жалмасын.

12 Жаратқан Ийе! Сен бизлерге
тынышлық бересең.
Ислеген барлық ислеримизди
бизлер ушын жүзеге
асырған Сенсең.
13 Қудайымыз Жаратқан Ийе,
Сеннен басқа ийелер бизлерге
ҳүкимдарлық қылды.
Бирақ бизлер тек Сениң
атыңды ҳүрмет етемиз.
14 Сол ийелер дүньядан өтти,
Өлилердиң руўхлары енди
орнынан турмайды.
Сен оларды жазалап, жоқ
қылдың,
Енди оларды ҳеш ким ядқа
алмас.
15 Жаратқан Ийе, сен
миллетимизди көбейттиң,
Миллетимизди көбейтип,
даңққа еристиң,
Елимиздиң шегарасын
кеңейттиң.

16 Жаратқан Ийе, халқымыз қайғы
ишинде Сени изледи.
Сен оларды жазалағанда,
Сыбырлап зорға дуўа етти.
17 Жаратқан Ийе, бизлер де
Сениң алдында,
Ҳәмиледар ҳаялдың толғақ
азабынан қыйналып,
Бақырғаны сыяқлы қыйналдық.
18 Бизлер ҳәмиледар болып,
толғаттық,
Бирақ самалдан басқа ҳеш
нәрсе туўмадық.
Жер бетине қутқарылыў алып
келмедик,
Әўладларды да дүньяға
келтирмедик.

19 Бирақ өлилериң жасар, денелер
тирилер.
Ҳәй, топырақ астында
жатырғанлар,
Ояның, шадланып бақырың!
Себеби Жаратқан Ийениң
шығы таң шығына мегзер,
Жер өлилерди жасаў ушын
шығарар.
20 Келиң, ҳәй халқым,
бөлмелериңизге кирип,
Иштен қапыны жаўып алың!
Оның ғәзеби өтип кеткенше,
аз-маз жасырынып турың.
21 Мине, дүнья турғынларын
ислеген айыбына бола
жазалаў ушын,
Жаратқан Ийе Өз мәканынан
шығып киятыр.
Жер өзине төгилген қанды
әшкара етер,
Өлтирилгенлерди артық
жасырмас.

## Израилдың қутқарылыўы

**27** [1] Сол күни Жаратқан Ийе
ғәзепли, уллы ҳәм қуди-
ретли қылышы менен,
Қашып баратырған,
ийреңлеген жыланды,
Лиўятанды[a] жазалайды.
Ол теңиздеги усы айдарҳаны
өлтиреди.

---

a **27:1** *Лиўятан* – теңизде жасайтуғын үлкен мақлуқ.

2 Сол күни әжайып жүзимзар
туўралы қосық айтың:
3 «Мен, Жаратқан Ийе оның
қараўылыман,
Бәрқулла оны суўғарып,
Ҳеш ким зыян тийгизбесин деп,
Күни-түни оны қараўыллайман.
4 Мен ғәзепленбеймен.
Егер тикен ҳәм жантақлар
Маған қарсы шықса,
Мен олар менен урысып,
Оларды толық жағып жиберемен.
5 Ямаса олар Меннен пана излеп
келсин,
Мениң менен келисим дүзсин,
Аўа, Мениң менен келисим
дүзсин».

6 Келешекте Яқыптың урпағы
тамыр жаяды,
Израил бүртик жарып,
гүллейди,
Жер бетин мийўеге толтырады.

7 Жаратқан Ийе израиллыларды,
Оларды жазалағанларды
жазалағандай етип
жазалады ма?
Ямаса израиллыларды,
Оларды өлтиргенлерди
өлтиргендей етип өлтирди
ме?
8 Жаратқан Ийе оларды ҳүким
етти,
Қуўып, сүргин қылды.
Оларды шығыс самалы киби,
Ғәзепли деми менен қуўып
шығарды.
9 Солай етип, Яқыптың
урпақларының айыбы
алып тасланып,
Гүнасының өтелиўиниң
мийўеси мынаў болады:
Қурбанлық орынның барлық
тасларын,
Ҳәк таслары киби
сындырғанда,
Кийели ағашлар да,
Түтетки түтетилетуғын
орынлар да қалмайды.
10 Қорған қала қаңырап босап,
Шөлге уқсап тәрк етилип,
Тасланды журтқа айланады.
Ол жерде баспақлар отлайды,
Ағаш шақаларын сып-сыйдам
етип, сол жерде жатады.
11 Шақалары қуўрап сынады,
Ҳаяллар келип, оларды жағады.
Бул халық ес-ақылынан
айырылған,
Сонлықтан Жаратқаны да
оларға реҳим етпес,
Жаратыўшысы да оларға меҳир
көрсетпес.

12 Сол күни Жаратқан Ийе Евфрат
дәрьясынан Мысыр шегарасында-
ғы сайға дейин дәнди қаўығынан
айырып, Израил халқын бирме-
бир жыйнап алады. 13 Сол күни ул-
лы кәрнай шалынады. Ассирияда
жоқ болғанлар ҳәм Мысырға сүр-
гин етилгенлер келип, Ерусалимде-
ги мухаддес таўда Жаратқан Ийеге
сыйынады.

## Эфрайымның ҳәсирет шегиўи

**28** 1 Эфрайым мәскүнемлери-
ниң мақтанған тажы,
Өнимдар ойпатлықтың ең
жақсы жериндеги шарапқа
тойғанлардың қаласы,
Ҳәсирет шегеди!
Оның салтанатлы гөззаллығы,
солып атырған гүлге
мегзейди.

2 Мине, Ийениң қүдиретли ҳәм
күшли адамы бар,
Ол буршақлы даўылдай,
қыйратыўшы қуйындай,
Зуўлаған топан сууы киби,
Өз қолы менен қаланы жерге
қулатады.
3 Эфрайым мәскүнемлериниң
мақтанышы болған тажы,
Аяқ астында қалады.
4 Өнимдар ойпатлықтың ең
жақсы жеринде жайласқан,
Салтанатлы гөззаллығы солып
баратырған гүл,
Ерте пискен әнжир киби
болады.
Оны көрген, дәрриў үзип алып,
жеп қояды.

5 Сол күни Әлемниң Жаратқан
Ийеси халқынан аман қалғанлар
ушын салтанат тажы, гөззаллық
шеңбери болады. 6 Ол ҳүким гүр-
сисинде отырғанлар ушын әдалат-
лық руўхы, дәрўазаны душпаннан
қорғағанлар ушын мәдет болады.

### Ийшаяның ескертиўи

7 Мыналар да шарап ишип тен-
тиреклеп, өткир ишимлик ишип
теңселип жүреди: руўханийлер
ҳәм пайғамбарлар өткир ишим-
лик ишип тентиреклеп, шарап
ишип естен айырылды. Олар өт-
кир ишимликтен теңселип, аян
көргенде шатастырады, шешим
қабыллағанда алжасады. 8 Пүт-
кил дастурханлары қусыққа тол-
ған, ҳеш бир таза жери қалмайды.
9 Олар былай дейди: «Қудай ким-
ге билим үйретпекши? Хабарды
кимге түсиндирмекши? Енди ем-
шектен шыққанларға ма ямаса
жақында емиўди тоқтатқанларға
ма? 10 „Ба-ба-ба, да-да-да“, – деп,
олай-булай быдырлайды».
11 Енди Жаратқан Ийе бул ха-
лыққа шет еллилердиң аўзы ме-
нен, түсиниксиз тиллерде сөйлейди.
12 Бурын оларға: «Бул – тынышлық
жери, шаршағанлар дем алсын. Бул –
дем алыў орны», – деген еди. Бирақ
олар тыңламады. 13 Жаратқан Ийе-
ниң сөзи олар ушын: «„Ба-ба-ба,
да-да-да“, – деп, олай-булай быдыр-
лаў» болды. Солай етип, олар кетип,
шалқасына қулап жарақатланады,
дузаққа түсип, алып кетиледи.
14 Сонлықтан, Ерусалимде бул ха-
лыққа ҳүкимдарлық етип отырған
сурбетлер, Жаратқан Ийениң сө-
зин тыңлаңлар! 15 Сизлер: «Бизлер
өлим менен келисим дүздик, өлилер
мәканы менен питим дүздик. Апат-
шылық келсе, бизге тиймей, өтип
кетеди. Себеби бизлер өтирикти
пана, жалғанды жасырынатуғын
орын қылып алғанбыз», – дейсизлер.
16 Соның ушын Қудай Ийе былай
дейди: «Мине, Мен Сионға тийкар
тасын, сыналған тасты, қымбатба-
ҳа мүйеш тасын, исенимли тийкар
қояман. Оған исенгенлер ҳеш қашан
қәўетерге түспейди. 17 Мен әдиллик-
ти өлшеў жиби, әдалатлықты тәрези
қыламан. Буршақ жаўып, өтирик-
тиң панасын сыпырып алып кетеди,
жасырынған орныңызды сел баса-
ды. 18 Сизлердиң өлим менен дүзген
келисимиңиз бузылады, өлилер мә-
каны менен дүзген питимиңиз өз кү-
шин жойтады. Уллы апат келгенде,
жер менен жексен боласыз. 19 Апат
ҳәр келгенинде, сизлерди сыпырып
алып кетеди. Ол ҳәр күни азанда,
күндиз-түни келеди».

Бул хабарды түсингениңизде,
сизлердиң ҳүрейиңиз ушады. 20 Со-
зылыўға төсегиңиз дым қысқа, ора-
ныўға көрпеңиз дым енсиз болады.
21 Жаратқан Ийе Перасим таўын-
дағы сыяқлы[a] қозғалажақ, Гибон
ойпатлығындағы сыяқлы[b] ғәзепке
минежақ. Ол Өз исин, әдеттен тыс
исин, Өз ҳәрекетин, таң қаларлық
ҳәрекетин жүзеге асырады. 22 Егер
кисенлериң және де беккемирек
болмасын десеңиз, буннан былай
сурбетликти тоқтатың. Пүткил
дүньяны жоқ қылыўды шешкени
туўралы Ийе, Әлемниң Жаратқан
Ийесинен еситтим.

23 Қулақ түрип, даўысымды еси-
тиң, дыққат қойып, сөзимди тың-
лаң! 24 Дийхан егин егиў ушын тек
жер айдай бере ме? Ямаса тек кесек
езип, малалай бере ме? 25 Ол жерди
тегислеп болып, анис егип, зире сеп-
пей ме? Бийдайды қатарлап, арпаны
өз танабына, жазлық бийдайды ше-
тине айландырып егип тасламай ма?
26 Қудайы оған нәсият берип, усын-
дай тәртипке үйретеди. 27 Анис тү-
йекке айдалмайды, зире арбаның
дөңгелеги менен басылмайды. Анис
таяқ пенен, ал зире шыбық пенен са-
баланады. 28 Нанға арналған бийдай
түйекленеди, бирақ ол мәңгиге ези-
ле бермейди. Арбаның дөңгелеги
менен үстинен түйекти айдаса да, ат-
лар бийдайды майдалап езип тасла-
майды. 29 Бул да Әлемниң Жаратқан
Ийесинен берилген. Оның мәсләҳә-
ти әжайып, даналығы уллы.

### Ерусалимниң ҳәсирети

**29** 1 Даўыттың мәкан басқан
қаласы Ариел[c], Ариел, ҳә-
сирет шегесең!
Жылға жыл қос, байрамларың
даўам ете берсин.
2 Мен Ариелге азап шектиремен.
Ол жылап, пәрияд етеди,
Мен ушын қурбанлық ошағы
киби болады.
3 Сени айланып, орда қураман,
Ләшкерлерди орнатып, қамал
қыламан.
Қарсыңа минаралар
тиклеймен.
4 Сен қулатылып, жердиң
астынан сөйлейсең,
Сөзлериң топырақ ишинен
еситиледи,
Даўысың әрўақ даўысындай
болып, жерден шығады,
Сөзлериң топырақтан
сыбырлап еситиледи.

5 Бирақ сансыз душпанларың
орпаң шаңғыт киби,
Реҳимсиз сансыз ләшкерлер
суўырылған қаўық киби
ушып кетеди.
Тосаттан, бир мәўритте,
6 Әлемниң Жаратқан Ийеси
гүлдирмама,
Жер қозғалыўы, уллы шаўқым,
Боран, даўыл ҳәм жалмайтуғын
от жалыны менен келеди.
7 Ариелге қарсы урысқан барлық
миллетлер,

---

a **28:21** 2Пат 5:17-21.
b **28:21** Ешу 10:7-14.
c **29:1** *Ариел* – мәниси анық емес. Бул атама бул жерде Ерусалимдеги Сион та-
ўының титулын билдиреди.

Оған ҳәм оның қорғанлы
қалаларына ҳүжим қылып,
Оны езгенлер,
Түндеги түс киби, түнги
көринис киби болады.
8 Аш адам түсинде аўқат жесе де,
Оянғанда аш болады,
Түсинде суў ишкен адамның да,
Оңында шөли басылмайды.
Сион таўына қарсы урысқан,
Ҳәмме миллетлердиң сансыз
ордасы да усы аўҳалға
түседи.

9 Ҳайран болып, таң қалың,
Өзиңизди гөр қылың, соқыр
болың,
Мәс болың, бирақ шараптан
емес,
Сүрнигиң, бирақ өткир
ишимликтен емес.
10 Жаратқан Ийе сизлерге терең
уйқы берди,
Көзлериңизди жаўып қойды,
ҳәй, пайғамбарлар,
Басларыңызды орап қойды,
ҳәй, ўәлийлер.

11 Бул аянлардың ҳәммеси сизлер
ушын мөрленген орама қағаздағы
сөзлердей болып қалды. Егер оқып
билетуғын адамға орама қағазды
берип: «Мынаны оқып бер», – десе-
ңиз, ол: «Оқый алмайман, бул мөр-
ленген-ғо», – дейди. 12 Егер орама
қағазды оқып билмейтуғын адамға
берип: «Мынаны оқып бер», – де-
сең, ол: «Мен оқый алмайман», –
деп жуўап береди.

13 Ийемиз былай дейди:
«Бул халық тек сөзи менен
Маған жақынлап,
Тек аўзы менен Мени сыйлайды.
Бирақ жүреги Меннен алыс.
Адам ойлап тапқан парызлар
арқалы Маған сыйынады.
14 Сонлықтан Мен бул халықтың
арасында және бир
қудиретли ис,
Таң қаларлық қудиретли ис
ислеймен.
Даналары даналықтан маҳрум
болады,
Ақыллылары ақылынан
айырылады».

15 Өз нийетлерин Жаратқан
Ийеден жасырыўға
тырысып,
Ислерин қараңғылықта қылып
атырғанлар, ҳәсирет шегеди!
Олар: «Бизди ким көреди, ким
бизди биледи?» – дейди.
16 Сизлер ҳәммесин надурыс
түсинип атырсыз!
Гүлалшыны ылай менен
теңлестирип бола ма?
Исленген зат өзин ислегенге:
«Ол мени ислемеди», – дей ме?
Пишими келтирилген зат
өзиниң пишимин ислеп
шыққанға:
«Ол ҳеш нәрсени түсинбейди», –
деп айта ма?

17 Тез арада әжайып Лебанон бир
жыңғыллыққа,
Ал жыңғыллық болған жерлер
әжайып тоғайға айланбай
ма?
18 Сол күни гереңлер орама
қағаздың сөзлерин еситер,
Қойыў қараңғылық ишинде
соқырлардың көзлери
көрер.

19 Езилгенлер Жаратқан Ийеде
жаңадан қуўаныш табар,
Жарлылар Израилдың
Мухаддесинде шадланар.
20 Залымлар жоқ болар,
Сурбетлер ғайып болар,
Жаманлық тәрепдарлары жоқ
қылынар.
21 Дөҳмет қылып, адамларды
гиналағанлар,
Қала дәрўазасындағы қазыға
дузақ қурар,
Ҳақты жалған гүўалықлар менен
ҳуқықынан маҳрум етер.

22 Сонлықтан Ибрайымды
қутқарған Жаратқан Ийе,
Яқыптың урпақлары туўралы
былай дейди:
«Буннан былай Яқыптың
урпағы масқараланбас,
Енди жүзи қара болмас.
23 Мениң қолларым жаратқан
балаларын өз араларында
көргенде,
Атымды мухаддес санайды.
Яқыптың Мухаддесин мухаддес
санап,
Израилдың Қудайынан
қорқатуғын болады.
24 Жолдан адасқанлар түсинеди,
Шағым етип налыйтуғынлар
тәлимди қабыл етеди».

### Қозғалаңшы халық

**30** 1 «Қозғалаңшы балалар,
ҳәсирет шегеди!
– дейди Жаратқан Ийе, –
Олар Меннен болмаған
ой-нийетлерди жүзеге
асырады,
Мениң Руўхымсыз келисимлер
дүзеди,
Гүна үстине гүна жамайды.
2 Меннен кеңес сорамай,
Фараонның панасында паналаў,
Мысырдың саясына тығылыў
ушын, Мысырға барады.
3 Фараонның панасы сизлерди
уятқа қалдырады,
Мысырдың қорғаўшы саясы
сизлерди бийабырай
қылады.
4 Басшылары Соанда болып,
Елшилери Ханеске жеткен
болса да,
5 Өзлерине пайдасы болмаған
халық себепли олар уятқа
қалады.
Сол халық жәрдем де, пайда да
бермейди.
Тек оларды уятқа қалдырып,
шерменде қылады».

6 Негеб ҳайўанлары туўралы пай-
ғамбаршылық сөз:
Урғашы ҳәм еркек арыслан,
Зәҳәрли сур ҳәм оқ жыланлар
жасайтуғын,
Апатлы ҳәм азаплы үлкени
гезип,
Байлықларын ешеклердиң
арқасына,
Ғәзийнелерин түйелердиң
өркешине артып,
Пайдасы жоқ халыққа ағылып
барады.
7 Мысырдың жәрдеми пайдасыз
ҳәм үмитсиз.
Сонлықтан Мен оны:
«Бийкаршы Раҳаб[a]» деп
атадым.

[a] **30:7** *Раҳаб* – теңиз айдарҳасы. Бул жерде Мысырдың астарлы атамасы.

8 Енди барып, буны бир тас
тахтаға жазып,
Оларға китап етип бер.
Бул келешек күнлери ушын,
Мәңгилик гүўалық болсын.
9 Бул қозғалаңшы халық,
ҳийлекер балалар,
Жаратқан Ийениң тәлиминен
бас тартатуғын перзентлер.
10 Олар көзи ашықларға: «Аян
көриўди қысқартың!»
Ал ўәлийлерге: «Ҳақыйқатты
айтып, пайғамбаршылық
қылмаң,
Бизлерге жағымлы сөзлерди
айтып,
Қыялый пайғамбаршылық
етиң,
11 Жолдан шығың, қайтың бул
жолдан,
Израилдың Мухаддесин
көзимизден жоқ қылың!» –
дейди.

12 Сонлықтан Израилдың
Мухаддеси былай дейди:
«Бул хабарды қабыл етпей,
Зулымлық ҳәм жалғаннан үмит
етип,
Оларға сүйенгениңиз ушын,
13 Бул қылмысыңыз сизлер ушын,
Бийик дийўалдағы опырылып
атырған тесик киби
болады.
Дийўал тосаттан, бир сәтте
қулап, қыйрайды.
14 Ол ылай ыдыс яңлы қыйрап
қалады.
Майдаланғаны соншелли,
Ошақтан күл алыўға да,
қуйыдан суў алыўға да,
Жарағандай сынығы
қалмайды».

15 Сонлықтан Қудай Ийе,
Израилдың Мухаддеси
былай дейди:
«Маған қайтып, рәҳәт табың,
қутқарыласыз.
Егер сизлер тынышлық пенен
Маған үмит байласаңыз,
күшли боласыз.
Бирақ сизлер буны қәлемедиңиз.
16 Сизлер: „Яқ, бизлер атқа минип
қашамыз“, – дедиңиз.
Соның ушын қашасыз-дә!
Сизлер: „Бизлер жүйрик
атқа минип шабамыз“, –
дедиңиз.
Соның ушын қуўыўшылар да
жүйрик болады!
17 Бир адамның айбатынан мың
адам қашады,
Бесеўиниң айбатынан
ҳәммеңиз қашасыз.
Қалғанларыңыз таў төбесиндеги
байрақ шыбығы,
Төбешиктеги байрақ киби
боласыз».

18 Жаратқан Ийе сизлерге
мийрим-шәпәәт көрсетиў
ушын күтип турады,
Сизлерге реҳим көрсетиў ушын
орнынан турады.
Себеби Жаратқан Ийе әдалат
Қудайы,
Оны күткенлер бахытлы!

## Жаратқан Ийениң Өз халқын жарылқаўы

19 Ҳәй, Ерусалимде жасайтуғын
Сион халқы,
Енди жыламайсыз!
Пәрияд еткениңизде, Ол
сизлерге мийрим-шәпәәт
көрсетеди.

Еситиўден-ақ, Ол сизлерге
жуўап береди.
20 Ийемиз сизлерге азап шөрегин
берип,
Апат суўын ишкизген болса да,
Муғаллимиңиз енди
жасырынбайды,
Көзиңиз бенен Оны көресиз.
21 Қулағыңыз арт беттен:
«Мынаў дурыс жол, соннан
жүр», – деген даўысты
еситеди.
Сонда оңға бурылыў керек пе,
шепке бурылыў керек пе,
билесиз.
22 Сонда гүмисиң менен қапланған
бутларды,
Алтының менен қапланған
ҳәйкеллерди,
Ҳарам деп санап, ҳарам
нәрседей көрип,
ылақтырып таслайсыз.
Оларға: «Жоқ болыңлар!» –
дейсиз.
23 Ийемиз жерге еккен туқымың
ушын жаўын жаўдырады,
Жердиң зүрәәти мол ҳәм
берекетли болады.
Сол күни малларың кең
жайлаўда жайылып
жүреди.
24 Жер айдайтуғын өгиз ҳәм
ешеклер,
Гүрек ҳәм жаба менен самалға
суўырылған,
Сайланды жем жейди.
25 Уллы қырғын күни, минаралар
қулағанда,
Ҳәр бир бийик таўда, ҳәр бир
бийик төбеде суўлар ағып
турады.
26 Жаратқан Ийе Өз халқының
жараларын таңып,
Өзи берген жарақатты жазған
күни,
Айдың нуры күн нурындай,
Күнниң нуры жети күнниң
нурындай,
Жети есе жақты болады.

## Жаратқан Ийениң Ассирияны жазалаўы

27 Мине, Жаратқан Ийениң Өзи
узақтан,
Лаўлаған қәҳәри менен қойыў
булт ишинде киятыр.
Оның аўзы ғәзепке толы,
Тили жалмайтуғын отқа
мегзейди.
28 Деми мойынға дейин
көтерилетуғын тасқынға
уқсайды.
Ол миллетлерди набыт болыў
елегинен өткереди.
Халықлардың аўзына оларды
жолдан азғыратуғын жүўен
салады.
29 Бирақ сизлер мухаддес
байрамды нышанлаған
түндегидей,
Қосық айтасыз.
Жаратқан Ийениң таўына,
Израилдың қорғаўшы
жартасына,
Сырнай сазы астында
шыққаныңыздай,
Жүрегиңиз шадланады.

30 Жаратқан Ийе айбатлы
даўысын еситтирип,
Лаўлаған ғәзеби ҳәм
жалмайтуғын от жалыны
менен,
Нөсер жаўын, даўыл ҳәм
буршақ пенен,
Билегиниң күшин көрсетеди.

31 Жаратқан Ийениң даўысы
Ассирияны қорқытып, титиретеди,
Ол ҳасасы менен Ассирияны урады.
32 Жаратқан Ийениң жаза ҳасасы менен,
Оларды урған ҳәр бир соққысы,
Дәп ҳәм лира намасы астында әмелге асады.
Жаратқан Ийе қол жумсап, олар менен урысады.
33 Денелер жағылатуғын орын әлле қашан тайынланды,
Аўа, Ассирия патшасы ушын тайын қылып қойылды.
Ол жер терең ҳәм кең болып,
Отын қалап толтырылған.
Ағып турған күкирт киби,
Жаратқан Ийениң деми оны жандырады.

## Мысырға үмит байламаў туўралы

31 1 Жәрдем сорап Мысырға кеткенлер,
Атларға исенгенлер,
Көп болғаны ушын саўаш арбаларына,
Жүдә күшли болғаны ушын шабандозларға,
Үмит байлағанлар, ҳәсирет шегеди!
Олар Израилдың Мухаддесине жүз бурмады,
Жаратқан Ийеден кеңес сорамады.
2 Бирақ Жаратқан Ийе де дана.
Ол бахытсызлық жаўдырар, Өз сөзин қайтарып алмас.
Жаўызлық ислеўшилердиң үйине қарсы көтерилип,
Қылмыскерлерге жәрдем бериўшилерге қарсы шығар.
3 Мысырлылар – Қудай емес, адам,
Олардың атлары – руўх емес, денеден ибарат.
Жаратқан Ийе қолын көтерсе, жәрдем бериўши сүрнигип,
Жәрдем алыўшы қулап, екеўи де набыт болады.

4 Себеби Жаратқан Ийе маған былай деди:
«Арысланға, аўлаған аўының басында ырылдаған жыртқыш арысланға,
Бир топар шопан қарсы шықса да,
Арыслан олардың бақырғанынан қорқпайды,
Шуўласқанынан сескенбейди.
Әлемниң Жаратқан Ийеси де урысыў ушын,
Сион таўына ҳәм оның төбелерине түсип келеди.
5 Қуслардың қанат жайып,
Өз палапанларын қорғағаны сыяқлы,
Әлемниң Жаратқан Ийеси де,
Ерусалимди қорғайды.
Ол оны қорғайды, қутқарады,
Реҳим етип, азат қылады».

6 Ҳәй израиллылар, өзлериңиз өжетленип бас тартқан,
Жаратқан Ийеге қайтыңлар.
7 Себеби сол күни ҳәр бириңиз,
Өз қолларыңыз бенен гүнаға батып,
Гүмис ҳәм алтыннан ислеген жалған қудайларыңыздан жүз бурасыз.

8 «Ассириялылар адамдики
болмаған қылыштан
қулайды,
Адамзаттики болмаған
қылыштан өледи.
Олар қылыштан қашады,
Жас жигитлери қул болады.
9 Қорқыўдан жығылар олардың
жартасы,
Сәркәрдалары байрақты көрип,
титиресер».
Оты Сионда,
Ошағы Ерусалимде болған
Жаратқан Ийе усылай
дейди.

### Әдил патша

32 1 Мине, патша әдиллик пе-
нен патшалық етип,
Ҳүкимдарлар әдалатлық пенен
басқарады.
2 Олардың ҳәр бири самалдан
қорғайтуғын бастырмадай,
Даўылдан бас саўғалайтуғын
панадай болады.
Олар шөлдеги ағын суўға,
Кеўип шөллеген жердеги
үлкен жартастың саясына
уқсайды.
3 Енди көретуғынлардың көзлери
жумылмайды,
Еситетуғынлар қулақ қояды.
4 Ойсызлар түсиниўди үйренеди,
Сақаўлар тутлықпай, анық
сөйлей алады.
5 Буннан былай, ақмақ ҳасылзада,
деп шақырылмас,
Ҳийлекер ҳүрметке ылайықлы,
деп айтылмас.
6 Ақмақ бийәдеплик пенен
сөйлейди,
Нийети жаманлық ислеўден
ибарат.
Ол зорлық ислейди,
Жаратқан Ийеге тил тийгизеди,
Ашларды аш қалдырып,
Шөллегенге суў бериўден бас
тартады.
7 Ҳийлекердиң усылы жаўыз,
Жарлының даўасы ҳақ болса да,
Оны жалған сөзлер менен жоқ
етиў ушын,
Жаўыз жобалар дүзеди.
8 Ал ҳасылзадалар ҳасыл жобалар
дүзип,
Ҳасыл ислер ушын беккем
турады.

### Жазалаў ҳәм қутқарыў

9 Ҳәй, еркин жасап атырған
ҳаяллар,
Орныңыздан турып,
даўысымды еситиң!
Ҳәй, бийғам қызлар,
Мениң сөзиме қулақ салың!
10 Ҳәй, бийғам ҳаяллар,
Бираз жылдан кейин
титиресесиз,
Себеби жүзим ҳасыл бермес,
Миўе жыйын-терими болмас.
11 Ҳәй, еркин жасап атырған
ҳаяллар, титиресесиз!
Ҳәй, бийғам қызлар,
қалтырасасыз!
Кийимлериңизди шешип
таслап,
Азалап, белиңизди буўып алың.
12 Өнимдар атызлар ушын,
Ҳасылы мол жүзим шақалары
ушын,
Көкирегиңизди мушлап урып,
аза тутың.
13 Тикен ҳәм жантақлар басып
кететуғын,
Халқымның жери ушын,
Қуўанышқа толы үйлер,

Шадлыққа толы қалалар ушын
жылаңлар.
14 Өйткени сарайлар таслап
кетилип,
Шаўқымлы қала бос қалады.
Қорған ҳәм минаралар мәңгиге
қыйралып,
Қуланлардың қуўанышына,
Маллардың жайлаўына
айланады.
15 Үстимизге жоқарыдан Руўх
төгилгенше,
Шөл өнимдар атызға
айланғанша,
Өнимдар атыз әжайып бағ деп
саналғанша усылай болады.
16 Кейин шөлде әдалат мәкан
басып,
Әдиллик өнимдар атызда
жасайды.
17 Әдилликтиң мийўеси
тынышлық,
Нәтийжеси аманлық ҳәм
мәңгилик қәўипсизлик
болады.
18 Халқым тыныш орынларда,
Қәўипсиз үйлерде,
Рәҳәт бағышлайтуғын
жерлерде жасайды.
19 Тоғай пүткиллей жоқ болса да,
Қала жер менен жексен етилсе
де,
20 Сизлер бахытлы боласызлар!
Ҳәр бир дәрья жағасында егин
егесиз,
Өгиз ҳәм ешеклерди бос
жибересиз.

### Жәрдем сорап жалбарыныў

33 1 Ҳәй, өзи ўайран етилме-
ген,
Ўайран етиўши, ҳәсирет
шегесең!
Ҳәй, өзине сатқынлық
исленбеген,
Сатқынлық етиўши, ҳәсирет
шегесең!
Ўайран етип болғаныңнан
кейин,
Өзиң де ўайран етилесең,
Сатқынлық етип болғаныңнан
кейин,
Өзиңе де сатқынлық исленеди.

2 Жаратқан Ийе, бизлерге реҳим
ет!
Бизлер Саған үмит байладық.
Ҳәр таңда бизге күш-қуўат
берип,
Қыйыншылыққа
ушырағанымызда қутқара
гөр!
3 Қудиретли даўысыңнан
халықлар қашып кетер,
Орныңнан турғаныңда,
миллетлер пытырап қашар.
4 Олжаңыз шегирткелер жеп
таслағандай жоқ болар,
Адамлар үлкен шегирткелер
топарының
топылғанындай олжаға бас
салар.

5 Жоқарыда мәкан қурған
Жаратқан Ийе уллы!
Толтырар Ол Сионды
әдалатлық ҳәм әдилликке.
6 Ол сениң дәўириңниң беккем
тийкары болып,
Мол етип қутқарылыў, даналық
ҳәм билим берер.
Жаратқан Ийеден қорқыў – бул
ғәзийне.

7 Мине, батырлары көшелерде
пәрияд етер,

Парахатшылық елшилери зар
еңиреп жылар.
8 Үлкен жоллар босап қалар,
Жолаўшылар ол жолдан
жүрмес.
Питимлер бузылып, ишкен
антларынан таяр,
Адамлар қәдирин жойтар.
9 Жер қурғап, кеўип барар,
Лебанон тоғайлары уяттан
қуўрап қалар.
Шарон тегислиги шөлге уқсап
қалып,
Башан ҳәм Кармелдеги
ағашлар жапырақларын
төгер.

**Жаратқан Ийениң халықларға ескертиўи**

10 «Енди орнымнан тураман,
– дейди Жаратқан Ийе, –
Көтерилип, даңқымды
шығараман.
11 Сизлер пишенге ҳәмиледар
болып, сабан туўасыз.
Демиңиз өзлериңизди жалмап
жутатуғын отқа айланады.
12 Халықлар жанып күл болады,
Кесилип, отқа жағылған
тикендей болады.
13 Ҳәй узақтағылар, не
ислегенимди еситиң!
Ҳәй жақындағылар,
қүдиретимди билиң!»

14 Сиондағы гүнакарлар қорқыўға
түсип,
Қудайсызларды титиреў
бийлеп алды.
Олар былай дейди:
«Жалмайтуғын оттың жанында
қайсысымыз жасай
аламыз?
Мәңги жанып турған жалын
жанында қайсысымыз
орналаса аламыз?»
15 Ҳадал жасап, туўры сөйлеген,
Зорлық пенен алынған
пайдадан жеркенген,
Қолын пара алыўдан тыйған,
Қанхорға қулақ түрмеген,
Жаманды көрмеў ушын
көзлерин жумған,
16 Бундай адам бийикликлерде
жасайды.
Жартаслардағы қорғанлар
оның панасы болады,
Оның наны мол болып, ҳеш
қашан суўсыз қалмайды.

**Уллы патшаның ели**

17 Көзиңиз патшаны пүткил
гөззаллығы ишинде көрип,
Узақларға созылған үлкени
шолып өтер.
18 Өткен қорқынышлы күнлер
ҳаққында ойлап:
«Салық жыйнаған қай жерде?
Салықты өлшеп алған қай
жерде?
Минараларды санаған қай
жерде?» – дейсең.
19 Буннан былай, гәпине
түсинбейтуғын,
Басқа тилде сөйлейтуғын,
Сол тәкаббир халықты
көрмейсиз.
20 Байрамларымыз
белгиленетуғын Сион
қаласына қара!
Көзлериң тыныш мәканды,
Беккем шатыр болған
Ерусалимди көреди.
Оның қазықлары ҳеш қашан
орнынан суўырылмайды,
Бирде бир жиби үзилмейди.

21 Кең дәрьялар ҳәм сайлар ағып
турған жерде,
Қүдиретли Жаратқан Ийе
бизлер менен бирге болады.
Олардан ескекли кемелер де,
Желқомлы кемелер де өте
алмайды.
22 Жаратқан Ийе бизиң қазымыз,
Ол бизлердиң нызам
шығарыўшымыз.
Жаратқан Ийе бизиң
патшамыз,
Ол бизлерди қутқарады.
23 Ҳәзир кемелериңиздеги жиплер
жуқарып,
Олар өрликти услап тура
алмайтуғын,
Желқомды да аша алмайтуғын
болса да,
Ўақты келгенде үлкен олжа
бөлинеди,
Ҳәтте, ақсақлар да олжасын
алады.
24 Сион турғынларының ҳеш бири:
«Мен кеселмен» – демейди,
Ол жерде жасаған халықтың
гүнасы кешириледи.

## Миллетлер үстинен ҳүким

34 1 Ҳәй миллетлер, жақыны-
рақ келип, қулақ салың!
Ҳәй халықлар, дыққат аўдарың!
Жер ҳәм оны толтырып
турғанлар,
Дүнья ҳәм онда туўылғанлардың
барлығы еситсин!
2 Жаратқан Ийениң пүткил
миллетлерге қәҳәри келип,
Олардың пүткил ләшкерлерине
қарсы ғәзеби лаўлады.
Ол оларды пүткиллей жоқ
қылып,
Баўызлаў ушын тапсырды.
3 Олардың өликлери далаға
ылақтырып тасланып,
Ширип, сасып жатады,
Таўлар олардың қанына
былғанады.
4 Пүткил аспан денелери ширип
кетеди,
Аспан орама қағаздай
шыйырылады.
Жүзим ағашының
жапырағындай,
Әнжир ағашының
жапырағындай болып,
Ондағы пүткил барлық солып
төгиледи.

5 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Қылышым көклерде қанға
тойды.
Енди, қылышым жазалаў ушын
Эдомның үстине,
Пүткиллей жоқ қылыўды қарар
еткен халықтың үстине
түседи».

6 Жаратқан Ийениң қылышы
қанға тойынып ҳәм майға
былғанып,
Қозы менен текениң қанына,
Қошқардың бөтеке майына
тойған.
Жаратқан Ийениң Босрада
қурбанлығы бар,
Эдом жеринде уллы қырғын
болады.
7 Жабайы буғалар, таналар ҳәм
күшли буғалар да,
Олар менен бирге қулайды.
Олардың жери қанға
суўғарылады,
Топырағы майға тояды.
8 Себеби бул күн Жаратқан
Ийениң өш алыў күни,

Сионның даўасы ушын өш
алатуғын жыл болады.

9 Сонда Эдомның дәрьялары қара
майға,
Топырағы күкиртке,
Жери жанып турған қара майға
айланады.
10 Ол күни-түни өшпей,
Түтини мәңгиге көтерилип
турады.
Сол жер әўладтан-әўладқа
қаңырап, бос қалады.
Енди ҳеш қашан ол жерден ҳеш
ким өтпейди.
11 Узақша ҳәм кирпитикенлер ол
жерди ийелеп алып,
Қулақлы жапалақ ҳәм ғарғалар
мәкан басады.
Жаратқан Ийе оның үстинен
тәртипсизлик жибин,
Ўайран болыў аспа режесин
тартады.
12 Ақсүйеклери сол жерде
патшалық жоқлығын
айтады,
Пүткил ҳүкимдарлары жоқ
болып кетеди.
13 Оның сарайларына тикенлер,
Қорғанларына жантақ ҳәм
ошағанлар өсип,
Сағаллардың мәканына,
Үкилердиң баспанасына
айланады.
14 Ол жерде жабайы ҳайўанлар
сыртланларға дус келеди,
Теке мәңиреп бир-бирин
шақырады.
Түнде жанзатлар сол жерде дем
алып, тыным табады.
15 Байыўлылар сол жерге уя
салып,
Мәйек басып шығарып,
Палапанларын қанаты астына
жыйнайды.
Шайқуслар да сол жерде жуп-
жубы менен топланады.

16 Жаратқан Ийениң китабынан
оқып, излең:
Булардан ҳеш бири
жоғалмайды,
Ҳеш бири жупсыз қалмайды.
Себеби бул буйрық Жаратқан
Ийениң аўзынан шықты,
Оның Руўхы оларды жыйнайды.
17 Жаратқан Ийе олар ушын шек
таслады,
Өз қолы менен жерди өлшеп
берди.
Олар сол жерди мәңгиге ийелеп,
Әўладтан-әўладқа сол жерде
жасайды.

### Азат болғанлардың Сионға қайтыўы

35 1 Шөл ҳәм қурғақ аймақ
қуўанады,
Қула дүз шадланып, наргиз
киби гүллейди.
2 Жайнап гүллеп шадланады,
шадланып бақырысады.
Оған Лебанонның даңқы,
Кармел ҳәм Шаронның
салтанаты бериледи.
Олар Жаратқан Ийениң даңқын,
Қудайымыздың салтанатын
көреди.
3 Ҳәлсиз қолларға күш берип,
Қалтыраған дизелерге қуўат
бериң.
4 Қоянжүреклерге былай деңлер:
«Мәрт болың, қорқпаң!
Қудайыңыз өш алыўға,
Есесин қайтарыўға келип,
Сизлерди қутқарады».

5 Сонда соқырлардың көзлери,
Гереңлердиң қулақлары
ашылады.
6 Ақсақ адам кийиктей секирип,
Гүңелек шадланып бақырады.
Шөлден қайнар булақлар
шығып,
Қула дүзде сайлар ағады.
7 Қайнаған шөл көлге айланып,
Шөллеген дала булақларға
толады.
Сағаллар мәкан басқан жерлерде,
Көк шөп, қамыс ҳәм жекен өседи.

8 Сол жерде дәрбент жол болып,
Ол «Мухаддес жол» деп аталады.
Напәклер оннан өтпейди,
Ақмақлар да ол жолға аяқ
баспайды.
Ол тек Қудайдың халқының
жолы болады.
9 Ол жерде арыслан болмайды,
Ҳеш қандай жабайы аңлар да
ол жолға шықпайды,
Олар ол жерден табылмайды.
Ол жолдан қутқарылғанлар
ғана жүреди.
10 Жаратқан Ийениң азат
еткенлери изге қайтады,
Қосық айтып Сионға қайтып
келеди.
Олар мәңгилик қуўаныш тажын
басларына кийеди.
Қуўаныш ҳәм шадлыққа толып
тасып,
Қайғы ҳәм ғам-тәшиўиш
қашып кетеди.

## Санхерибтиң Ерусалимди қорқытыўы

36 1 Хизкияның патшалығы-
ның он төртинши жылын-
да, Ассирия патшасы Санхериб
Яҳуданың барлық қорғанлы қа-
лаларына ҳүжим жасап, оларды
басып алды. 2 Соңынан Ассирия
патшасы бас ўәзирин үлкен ар-
мия менен Лахиштен Ерусалим-
ге, патша Хизкияға жиберди. Ол
келип, кир жуўыўшының атызы-
на баратуғын жолдағы, Жоқарғы
ҳәўизге суў қуйылатуғын жерде
тоқтады. 3 Сарай басқарыўшысы
Хилкия улы Эляким, хаткер Шеб-
на ҳәм дийўанбеги Асаф улы Иоах
оны қарсы алыўға шықты. 4 Сонда
Ассирия патшасының бас ўәзири
оларға былай деди:
– Уллы патша, Ассирия патшасы-
ның мына сөзлерин Хизкияға жет-
кизиң: «Неңе үмит артып турсаң?
5 Урыс ушын жоба ҳәм күш бар деп
айтасаң, бирақ сен тек бос сөзлерди
айтып турсаң. Сен кимге сүйенип,
маған қарсы бас көтерип турсаң?
6 Мине, сен өзине сүйенгенниң
алақанын тесетуғын сынық қамыс
ҳасаға уқсаған Мысырға сүйенип
турсаң. Мысыр патшасы фараон
өзине исенгенлердиң ҳәммесине
усындай. 7 Бәлким маған: „Бизлер
Қудайымыз Жаратқан Ийеге үмит
байлаймыз“, – дерсизлер. Яҳуда
ҳәм Ерусалим халқына: „Тек мына
қурбанлық орында сыйыныңлар“, –
деп сыйыныў орынларын ҳәм қур-
банлық орынларын жоқ қылған
Хизкия емес пе еди?» 8 Енди сен, ме-
ниң мырзам Ассирия патшасы ме-
нен маўасаға кел. Егер мен саған еки
мың бас ат берсем, оларға минету-
ғын сонша адам таба алар ма едиң?
9 Солай екен, мырзамның ең ҳәлсиз
әскербасысын да жеңе алмайсаң-ғо.
Ямаса Мысырдың саўаш арбалары
менен атлыларына исенип турсаң

ба? 10 Қала берсе, мен бул жерди
ўайран етиў ушын Жаратқан Ийе-
ниң еркисиз келдим бе? Жаратқан
Ийе маған: «Сол үлкеге ҳүжим қы-
лып, оны ўайран ет», – деди.
11 Хилкия улы Эляким, Шебна
ҳәм Иоах бас ўәзирге былай деп
жуўап берди:
– Бул қулларыңыз бенен арамейше
сөйлесе бериң, түсинемиз. Дийўал
үстиндеги халыққа еситтирип, биз-
лер менен еврей тилинде сөйлеспең.
12 Бас ўәзир оларға:
– Мырзам мени бул сөзлерди тек
мырзаңа ҳәм саған айтыў ушын
емес, ал сизлер менен бирге өз дә-
ретин жеп, сидигин ишиўге дуўшар
болатуғын дийўал үстинде отыр-
ған адамларға да жеткериў ушын
жиберди, – деди. 13 Соңынан бас
ўәзир орнынан турып, еврей ти-
линде былай деп бақырды:
– Уллы патшаның, Ассирия пат-
шасының сөзлерине қулақ са-
лыңлар! 14 Патша былай дейди:
«Хизкия сизлерди алдамай-ақ қой-
сын. Ол сизлерди қутқара алмай-
ды. 15 Ол: „Жаратқан Ийе бизлерди
қутқарады, қала Ассирия патша-
сының қолына берилмейди“, – деп
сизлерди Жаратқан Ийеден үмит-
лендирмесин».
16 Хизкияға қулақ салмаңлар. Се-
беби Ассирия патшасы былай дей-
ди: «Мениң менен жарасып, маған
келиңлер. Сонда ҳәр бир адам өз
жүзиминиң ҳәм әнжир ағашының
мийўесинен жеп, өз суў сақлағы-
шынан суў ишеди. 17 Соңынан мен
келип, сизлерди бийдайы, шарабы,
наны, жүзимзарлары мол болған,
өз үлкеңизге уқсаған бир үлкеге
көширемен. 18 Хизкия: „Жаратқан
Ийе бизлерди қутқарады“, – деп ал-
дамасын. Қайсы халықтың қудайы
өз үлкесин Ассирия патшасының
қолынан қутқара алған? 19 Хамат
ҳәм Арпадтың қудайлары қайда?
Сефарўайымның қудайлары қайда?
Самарияның қудайлары Самария-
ны мениң қолымнан қутқара алды
ма? 20 Усы еллердиң қудайларының
қайсы бири өз жерин мениң қо-
лымнан қутқара алды? Солай екен,
Жаратқан Ийе Ерусалимди мениң
қолымнан қалай қутқарады?»
21 Халық үндемеди, жуўап та қай-
тармады. Өйткени патша Хизкия
халыққа оған жуўап бермеўди бу-
йырған еди. 22 Сарай басқарыў-
шысы Хилкия улы Эляким, хаткер
Шебна ҳәм дийўанбеги Асаф улы
Иоах кийимлерин жыртып, Хиз-
кияның алдына келди ҳәм Асси-
рия патшасының бас ўәзириниң
сөзлерин оған айтып берди.

### Хизкияның Ийшая пайғамбардан кеңес сораўы

**37** 1 Патша Хизкия буларды
еситкенде, кийимлерин
жыртты ҳәм аза кийимлерин ки-
йип, Жаратқан Ийениң Үйине бар-
ды. 2 Ол аза кийимин кийген сарай
басқарыўшысы Элякимди, хаткер
Шебнаны ҳәм жасы үлкен руўха-
нийлерди Амос улы пайғамбар
Ийшаяға жиберди. 3 Олар Ийшая-
ға былай деди:
– Хизкия былай дейди: «Бүгинги
күн азап, жаза ҳәм масқарашылық
күни. Себеби бала шығайын деп
аўызға тақалып турғаны менен, ту-
ўыўға күши жоқ ҳаялға уқсаймыз.
4 Бәлким, тири Қудайды ақыретлеў
ушын мырзасы, Ассирия патшасы

жиберген бас ўәзирдиң барлық сөзлерин Қудайың Жаратқан Ийе еситкен шығар ҳәм усы еситкен сөзлери ушын оларды жазалар. Сонлықтан тири қалғанлар ушын дуўа ет».

5 Патша Хизкияның хызметкерлери патшаның сөзлерин Ийшаяға жеткизгенде,
6 Ийшая оларға былай деди:

– Мырзаңызға былай деп айтыңлар: «Жаратқан Ийе былай дейди: Ассирия патшасының хызметкерлериниң Мени масқаралап айтқан сөзлеринен, яғный өзиң еситкен сөзлерден қорқпа.
7 Мине, Мен оған бир руўх жиберемен. Сонда ол бир хабар еситип, өз елине қайтып кетеди. Мен оны өз елинде қылыш пенен өлтиртемен».

8 Ассирия патшасының бас ўәзири изине қайтып, өз патшасын Либна қаласына қарсы урысып атырған жеринен тапты. Себеби ол Ассирия патшасының Лахиштен шегингенин еситкен еди.
9 Ассирия патшасы Хабаштан патшасы Тирҳақаның өзине қарсы урысқа атланғанын еситип, Хизкияға және елшилерин жиберип былай деди:

10 – Яҳуда патшасы Хизкияға былай деп айтыңлар: «Сүйенген Қудайың сени: „Ерусалим Ассирия патшасына тәслим болмайды“, – деп алдамасын.
11 Ассирия патшаларының барлық еллерди жер менен жексен етип, нелер ислегенин еситкен шығарсаң?! Енди сен қутылып қалмақшымысаң?
12 Ата-бабаларым ўайран еткен Гозан, Харан, Ресеф ҳәм Телассардағы Эденде жасаған халықлардың қудайлары оларды қутқара алды ма?
13 Хамат ҳәм Арпад патшалары қәне? Сефарўайым, Ҳена ҳәм Иўўа қалаларының патшалары қәне?»

### Хизкияның дуўасы

14 Хизкия хатты елшилердиң қолынан алып оқығаннан соң, Жаратқан Ийениң Үйине барды ҳәм хатты Жаратқан Ийениң алдына жайып қойды.
15 Кейин Жаратқан Ийениң алдында дуўа етип, былай деди:
16 «Керублар[a] арасында тахтта отырған Израилдың Қудайы болған Әлемниң Жаратқан Ийеси! Сен пүткил дүнья патшалықларының жалғыз Қудайысаң! Аспан ҳәм жерди Сен жаратқансаң.
17 Жаратқан Ийе, қулақ салып, есит, көзлериңди ашып, көр. Тири Қудайды ақыретлеў ушын Санхерибтиң айтып жиберген сөзлерин есит.
18 Жаратқан Ийе, ырасында да, Ассирия патшалары халықларды ҳәм олардың жерлерин ўайранлады.
19 Олардың қудайларын отқа таслап, жоқ қылды. Бирақ олар ҳақыйқатында қудайлар емес, ал ағаштан ҳәм тастан адам қолы менен исленген нәрселер еди.
20 Қудайымыз Жаратқан Ийе, бизлерди Санхерибтиң қолынан қутқара гөр. Сонда пүткил дүнья патшалықлары Сениң жалғыз Жаратқан Ийе екениңди биледи».

### Ийшаяның пайғамбаршылығы

21 Соңынан Амос улы Ийшая пайғамбар Хизкияға мынадай хабар жиберди:

---

[a] **37:16** *Керуб* – қанатлы руўхый барлық.

«Израилдың Қудайы Жаратқан Ийе былай дейди: Сен Ассирия патшасы Санхериб ҳаққында Маған дуўа еттиң. 22 Ол туўралы Мен, Жаратқан Ийе былай деймен:

Пәк қыз Сион, сени кемситип,
үстиңнен күлер,
Қыз Ерусалим, сениң изиңнен
бас шайқар.

23 Сен кимди ақыретлеп, кимди
мазақладың?
Кимге даўыс көтерип сөйлеп,
кимге менменсип
қарадың?
Маған – Израилдың
Мухаддесине!
24 Елшилериң арқалы Мени
ақыретлеп былай дедиң:
„Сансыз саўаш арбаларым
менен таўлардың бийик
шыңына,
Лебанон таўларының узақ
жанбаўырларына шықтым,
Бийик кедр ағашларын, жақсы
сәрўи ағашларын кестим.
Оның ең төрине, ең қалың
тоғайына бардым.
25 Мен қудықлар қаздым ҳәм жат
еллердиң суўларын иштим,
Мысырдың барлық
дәрьяларын табаным
менен қурыттым“.
26 Бирақ буның ҳәммесин
бурыннан жобаластырып,
Әййемги күнлерден ойлап
қойғанымды еситпеген бе
едиң?
Ҳәзир Мен соны орынладым.
Сонлықтан сен қорғанлы
қалаларды қарабақанаға
айландыра алдың.
27 Сонда қол-қанаты қырқылды
қала халқының,
Қорқып, уятқа қалды.
Олар даладағы көк шөпке, жаңа
шыққан нәзик шөпке,
Тамның басындағы, шықпай
атырып, өрт шалған шөпке
уқсап қалды.
28 Мен сениң отырыс-
турысыңды, қашан келип-
кететуғыныңды,
Маған деген ғәзебиңди,
ҳәммесин билемен.
29 Маған деген ғәзебиң ушын,
Тәкаббирлигиң қулағыма
жетип келгени ушын,
Ҳалқамды мурныңнан өткизип,
Суўлығымды аўзыңа тағаман.
Сени келген жолың менен
изиңе қайтараман.

30 Ҳәй, Хизкия! Сен ушын белги
мынаў болады:
Усы жылы шашылған дәннен
өскен өнимди жейсиз,
Келеси жылы соның орнына
өскен өнимди азық
қыласыз,
Ал үшинши жылы дән сеўип,
өним аласыз,
Жүзим бағларын отырғызып,
олардың мийўесинен
жейсиз.
31 Яҳуда халқының қутылып
қалғанлары жерге тамыр
жайып,
Жоқарыда мийўе береди.
32 Себеби тири қалғанлар
Ерусалимнен,
Қутылғанлар Сион таўынан
келип шығады.
Буны Әлемниң Жаратқан
Ийеси,

Өз қызғаншақлығы менен
жүзеге асырады.
33 Сонлықтан Жаратқан Ийе
Ассирия патшасы туўралы
былай дейди:
Ол бул қалаға кирмейди, оқ та
атпайды,
Қалаға жақынламас қалқаны
менен,
Қала дийўалына топырақ та
үйдирмейди.
34 Келген жолы менен қайтады,
қалаға кирмейди,
– дейди Жаратқан Ийе. –
35 Мен Өзим ушын ҳәм қулым
Даўыттың ҳүрмети ушын,
Бул қаланы қорғап,
қутқараман».

36 Сол күни түнде Жаратқан Ийе-
ниң периштеси ассириялылардың
ордасына барып, бир жүз сексен бес
мың адамды қырып таслады. Азан-
да оянып қарағанлар ҳәмме жердиң
өликлерге толып кеткенин көрди.
37 Сонда Ассирия патшасы Санхе-
риб орданы таслап, изине қайтты.
Ол Ниневияға қайтып келип, сол
жерде жасап қалды. 38 Бир күни
ол өз қудайы Нисрохтың бутхана-
сында табынып атырғанда, улла-
ры Адраммелех пенен Саресер оны
қылыш пенен өлтирди ҳәм өзлери
Арарат үлкесине қашып кетти. Сан-
херибтиң орнына улы Эсар-Хаддон
патша болды.

## Хизкияның кесел болыўы ҳәм шыпа табыўы

38 1 Сол күнлери Хизкия
аўырып, өлим төсегинде
жатты. Сонда Амос улы Ийшая
пайғамбар оған келип былай деди:
– Жаратқан Ийе былай дейди:
«Үй-ишиңе ўәсиятнамаңды қал-
дырып, ырзаласа бер, себеби тә-
ўир болмайсаң, өлесең».
2 Хизкия жүзин дийўалға қара-
тып, Жаратқан Ийеге дуўа етип:
3 – О, Жаратқан Ийе! Алдыңда
мениң шын жүректен садықлық
пенен жасағанымды ҳәм нәзериңде
туўры ислерди ислеп жүргенимди
еслей гөр! – деди ҳәм өксип-өксип
жылады.
4 Сонда Ийшаяға Жаратқан Ийе-
ден мынадай сөз түсти:
5 – Изиңе қайтып, Хизкияға мы-
на хабарды жеткиз: «Бабаң Даўыт-
тың Қудайы Жаратқан Ийе былай
дейди: Дуўаңды еситтим, көз жас-
ларыңды көрдим. Өмириңди он
бес жылға узайтаман. 6 Өзиңди де,
бул қаланы да Ассирия патшасы-
ның қолынан қутқарып, бул қала-
ны қорғайман.
7 Жаратқан Ийениң, яғный Ме-
ниң саған Өз сөзимди орынлай-
туғынымды билдиретуғын белги
мынаў: 8 Ахаз соқтырған текшениң
үстине түсип турған саяны он адым
артқа жылжытаман».
Сонда текшениң үстине түсип
турған сая он адым артқа жыл-
жыды.
9 Яҳуда патшасы Хизкия тәўир
болғаннан кейин, мына жырды
жазды:

10 «Мен: „Өмиримниң гүлленген
шағында,
Өлилер мәканының
дәрўазасынан өтип
кетемен.
Қалған өмир жылларымнан
маҳрум етилдим“, – дедим.

11 Және: „Тирилер әлеминде
Жаратқан Ийени
көрмеймен,
Буннан былай, инсан затына
көзим түспес,
Бул дүньяда жасағанлардың
жанында да болмаспан“, –
дедим.
12 Үйим шопанның шатыры киби,
Суўырылып, қолымнан
алынды.
Өмиримди тоқыўшы сыяқлы
өткердим,
Жаратқан Ийе мени тоқыў
үскенесинен кесип алып
таслады.
Бир күн ишинде өмиримди
ақырына жеткердиң.
13 Азанға шекем төзим берип
шыдадым,
Ол арыслан киби, барлық
сүйеклеримди сындырды.
Бир күн ишинде өмиримди
ақырына жеткердиң.
14 Мен қарлығаш яки тырна киби
бақырдым,
Кептер киби зарладым.
Жоқарыға қараўдан көзлерим
талды,
Мен зулымлыққа ушырадым,
жәрдем бер, Ийе!

15 Не дейин? Мениң менен
сөйлескен де, оны әмелге
асырған да Өзи.
Қәлбимдеги қайғыны еске
алып,
Өмирим бойы, абайлап
жасайман.
16 Ийе, Сениң қарарың адамларға
өмир бере алады,
Мениң өмир жылларым да
маған қайта берилди,
Денсаўлығымды тиклеп,
өмиримди сақлап қала гөр!
17 Мине, шеккен азабым мен
ушын жақсылыққа болды,
Өмиримди набыт болыў
шуқырынан қутқардың.
Барлық гүналарымды артыңа
ылақтырдың.
18 Өлилер мәканы Сени
алғысламас,
Өлим Саған мақтаў айтпас,
Туңғыйыққа түскенлер Сениң
садықлығыңа үмит
байламас.
19 Бүгин мениң ислегеним сыяқлы,
Тирилер, тек тирилер ғана
Саған алғыс айтар,
Әкелер балаларына Сениң
садықлығың туўралы
айтып берер.
20 Жаратқан Ийе мени қутқарар,
Пүткил өмиримиз бойы
Жаратқан Ийениң Үйинде,
Тарлы саз әсбаплары менен
қосық айтамыз».

21 Ийшая патшаның адамла-
рына: «Кептирип нығызланған
әнжир алып келип, оны жараға
қойың, ол саўалып кетеди», – деген
еди. 22 Сонда Хизкия Ийшаядан:
«Жаратқан Ийениң Үйине бара-
туғынымды қандай белги арқалы
билемен?» – деп сораған еди.

### Бабилоннан келген елшилер

39 1 Сол арада Хизкияның
аўырып, кейин тәуир бол-
ғанын еситкен Бабилония патша-
сы Баладан улы Меродах-Баладан
Хизкияға хатлар ҳәм саўғалар жи-
берди. 2 Хизкия елшилерди қабыл
етти ҳәм оларға өз қазнасындағы

затлардың ҳәммесин: гүмис ҳәм
алтынларын, хош ийисли затла-
рын, қымбатбаҳа майларын, қу-
рал-жарақ сақланатуғын бөлмесин
көрсетти. Хизкияның сарайында
да, патшалығында да оларға көр-
сетилмеген ҳеш нәрсе қалмады.
3 Сонда пайғамбар Ийшая патша
Хизкияның жанына келип, оған:
– Бул адамлар сизге не деди? Олар
қай жақтан келипти? – деп сорады.
Хизкия оған:
– Олар маған узақ елден, Бабило-
ниядан келген, – деп жуўап берди.
4 Ийшая:
– Олар сарайыңызда не көрди? –
деп сорады. Хизкия:
– Сарайымдағы ҳәмме нәрсени көр-
ди. Қазнамда оларға көрсетпеген ҳеш
нәрсем қалмады, – деп жуўап берди.
5 Сонда Ийшая Хизкияға былай
деди:
– Онда Әлемниң Жаратқан Ийеси-
ниң сөзин еситиң: 6 «Сарайыңдағы
ҳәмме нәрсе ҳәм ата-бабаларыңның
усы күнге шекем жыйнаған ҳәмме
нәрсеси Бабилонға алып кетилету-
ғын күн келеди, ҳеш нәрсе қалмай-
ды, – дейди Жаратқан Ийе. 7 – Сениң
нәсилиңнен болған айырым урпақ-
ларың да алып кетилип, Бабилония
патшасының сарайында хызметкер
болады». 8 Хизкия Ийшаяға:
– Жаратқан Ийениң сиз арқалы
айтқан сөзлери жақсы сөзлер, –
деди. Себеби ол ишинен: «Ҳеш
болмағанда, мениң заманымда ты-
нышлық ҳәм абаданшылық бола-
ды», – деп ойлады.

## Жубатыўшы сөзлер

**40** 1 Жубатың, халқыма тә-
селле бериң!
– дейди Қудайыңыз. –
2 Ерусалимге жумсақ сөзлер
айтың,
Саўаш мүддетиниң
таўысылғанын,
Қылмысларының
кеширилгенин,
Барлық гүналарының жазасын
Жаратқан Ийениң
қолынан,
Еки есе етип алғанын жәриялаң.
3 Бақырған бир даўыс еситиледи:
«Шөл далада Жаратқан Ийеге
жол таярлаңлар,
Қула далада Қудайымыз ушын
дүзиў ҳәм үлкен бир жол
ашыңлар!
4 Барлық ойпатлықлар
толтырылсын,
Таў-төбелер пәске шөксин,
Қыйсық жерлер дүзетилсин,
Будыр жерлер тегисленсин.
5 Сонда Жаратқан Ийениң
салтанаты аян болып,
Пүткил адамзат буны
биргеликте көреди.
Буны Жаратқан Ийе айтады».

6 Даўыс: «Бақыр», – деди.
Мен: «Не деп бақырайын?» –
деп сорадым.
Даўыс былай деди:
«Пүткил адамзат шөпке,
Оның пүткил садықлығы –
атыздағы гүлге уқсайды.
7 Жаратқан Ийе демин
үплегенде,
Шөп қуўрайды, гүл солыйды.
Ҳақыйқаттан да, халық – бул
шөп.
8 Шөп қуўрайды, гүл солыйды.
Бирақ Қудайымыздың сөзи
мәңги турады».

9 Ҳәй, Сионға хош хабар алып
келийши,
Бийик тауға шық!
Ҳәй, Ерусалимге хош хабар
алып келийши,
Бар даўысың менен бақыр!
Даўысыңды көтер, қорқпа.
Яҳуда қалаларына: «Мине,
сизлердиң Қудайыңыз!» –
деп айт.
10 Мине, Қудай Ийе қүдирет пенен
келип,
Ҳүкимдарлықты қолына алады.
Оның сыйы Өзи менен бирге,
Мийнеттиң есесин қайтарыў
Оның қолында.
11 Ол Өз сүриўин шопан киби
бағады,
Қозыларды қолына алып,
Оларды көтерип, баўырына
басады,
Емизиўли қойларға ғамхорлық
пенен жол көрсетеди.

## Қудайдың уллылығы

12 Ким суўларды алақаны менен,
Көклерди қарысы менен
өлшеди?
Ким жердиң топырағын өлшем
ыдысына салған,
Ямаса таўларды тәрезиде,
Төбелерди тәрези пәллесинде
өлшеген?
13 Жаратқан Ийениң Руўхына
кимниң ақылы жеткен,
Ямаса ким Оған кеңес берген?
14 Ақыл алыў ушын Ол кимнен
мәсләҳәт сорады,
Ямаса Оған ким әдалат жолын
үйретти?
Оған билим берип,
Түсиник жолын көрсеткен ким?
15 Мине халықлар шелектеги суў
тамшысындай,
Тәрезилердеги шаң сыяқлы
көринеди,
Ол атаўларды уўыс топырақ
сыяқлы көтереди.
16 Лебанонның отыны
қурбанлықты жағыўға,
Маллары жандырылатуғын
қурбанлыққа азлық етеди.
17 Пүткил миллетлер Оның
алдында ҳеш нәрсе емес,
Олар Ол ушын жоқтан да,
бослықтан да пәс саналады.

18 Онда Қудайды кимге уқсатасыз?
Оның бийнесин кимге
теңейсиз?
19 Бутқа ма? Бутты өнермент
қуйып,
Зергер оны алтынға қаплайды,
Оның ушын гүмис шынжыр
соғылады.
20 Егер буған қурбы жетпесе,
Шиtogether бир ағашты
сайлап алып,
Қозғалмайтуғын бут соқтырыў
ушын,
Шебер өнерментти излейди.

21 Билмейсизлер ме,
еситпедиңлер ме?
Әўел бастан, сизлерге
айтылмады ма?
Дүнья жаратылғаннан бери
түсинбедиңиз бе?
22 Қудай жер үстиндеги аспан
гүмбезинде отыр,
Жерде жасайтуғынлар
шегирткелерге мегзер.
Ол көклерди перде киби жайып,
Жасаў ушын оларды шатыр
киби тигеди.

23 Ол басшыларды түкке турғысыз
етип,
Дүньяның ҳүкимдарларын
күшинен айырады.
24 Олар зорға егилип, зорға
себилип,
Зорға тамыр жайған гезинде,
Жаратқан Ийе демин үплейди,
олар қуўрап,
Даўыл оларды қаўық киби
ушырып кетеди.

25 «Мени кимге уқсатасыз,
Ким Маған тең келеди?» –
дейди мухаддес Қудай.
26 Басыңызды жоқары көтерип,
аспанға қараң,
Буларды ким жаратқан?
Қудай жулдызларды бирме-бир
шақырып,
Атпа-ат атайды.
Оның қүдиретли күши ҳәм
уллы қүдиретине гөре,
Олардың ҳеш бири орнынан
шықпай қалмайды.

27 Ҳәй, Яқып, ҳәй, Израил,
қалайынша сен:
«Жолым Жаратқан Ийеден
жасырын,
Қудайым ҳуқықымды
қорғамайды», – дейсең?
28 Билмейсизлер ме? Еситпедиңиз
бе?
Жаратқан Ийе – мәңгилик
Қудай,
Пүткил дүньяның
Жаратыўшысы.
Ол шаршамайды да,
талықпайды да,
Оның даналығына ақыл жетпес.
29 Ол ҳалдан тайғанды
ҳәллендирип,
Мәдетсизлердиң күшине күш
қосады.
30 Ҳәтте, жаслар да шаршап,
талығады,
Жас жигитлер де сүрнигип,
жығылады.
31 Бирақ Жаратқан Ийеге үмит
байлағанлар,
Жаңадан күш алады.
Олар бүркит киби қанат
жаяды.
Жуўырса да, шаршамайды,
Жортса да, ҳеш талықпайды.

## Қудай Израилға күш береди

41 1 Жаратқан Ийе былай
дейди:
«Ҳәй, атаўлар, Мениң алдымда
үндемей тыңлаң!
Халықлар күш топлап алсын,
Олар жақын келип, сөйлесин.
Келиңлер, ҳүким ушын бир
жерге жыйналайық.

2 Шығыстан азат етиўшини
ҳәрекетке келтирген ким?
Оны Өзине хызметке шақырған
ким?
Миллетлерди оның қолына
берген,
Патшаларды аяқ асты қылған
ким?
Ол қылышы менен оларды
шаңға,
Оқ жайы менен суўырылған
қаўыққа айландырды.
3 Ол оларды қуўдалайды,
Аяқ басылмаған жолдан аман-
есен жүрип өтеди.
4 Буларды орынлап, жүзеге
асыратуғын ким?
Әўел бастан әўладларды
шақырған ким?

Мен, Жаратқан Ийе – басыман,
Ақырында да Мен боламан.

5 Атаўлар буны көрип, қорқады,
Жердиң төрт тәрепи
қалтырайды.
Олар жақынлап келеди.
6 Ҳәмме бир-бирине жәрдем
берип:
„Мәрт бол“, – дейди.
7 Өнермент зергерге,
Урып тегислеўши төс урыўшыға
кепсери туўралы:
„Жақсы қурастырылды“, – деп
жигер береди.
Кейин орнынан қозғалмаўы
ушын бутты шегелейди.

8 Бирақ сен, ҳәй, қулым Израил,
Мен таңлаған Яқып,
Достым Ибрайымның урпағы!
9 Сени дүньяның төрт тәрепинен
жыйнадым,
Узақ жерлерден шақырып:
„Сен Мениң қулымсаң,
Сени таңладым, тәрк
етпедим“, – дедим.
10 Қорқпа, Мен сениң менен
биргемен.
Қәўетерленбе, Мен сениң
Қудайыңман.
Саған күш берип,
жәрдемлесемен.
Азат етиўши оң қолым менен
сүйеймен.

11 Саған ғәзепленгенлердиң
ҳәммеси,
Масқара болып, уятқа қалады,
Саған қарсы шыққанлар дымы
қалмай жоқ болады.
12 Душпанларыңды излесең де
таппайсаң,
Сениң менен урысқанлар да
ҳеш болмағандай жоқ
болып кетеди.
13 Мен, Қудайың Жаратқан Ийе,
Оң қолыңнан услап, сүйеп:
„Қорқпа, саған жәрдем
беремен“, – деймен.

14 Ҳәй, қурт сыяқлы болған
Яқып,
Ҳәй, аз санлы Израил, қорқпа!
Мен саған жәрдем беремен,
– дейди Жаратқан Ийе, –
Сениң Әмеңгериң, Израилдың
Мухаддеси.
15 Мине, Мен сени таза, өткир
тисли,
Түйек айдайтуғын тахта
қыламан.
Сен таўларды бастырып,
талқанлап,
Төбешиклерди қаўыққа
айландырасаң.
16 Сен оларды суўырасаң,
Самал ушырып, алып кетеди,
Дүбелей айландырып, ушырып
кетеди.
Сен Жаратқан Ийеде
шадланасаң,
Израилдың Мухаддеси менен
мақтанасаң.

17 Жарлы ҳәм кәмбағал суў
излейди,
Бирақ суў жоқ.
Шөлден таңлайлары кеўип
қалады.
Мен Жаратқан Ийе оларға
жуўап беремен,
Мен, Израилдың Қудайы
оларды таслап қоймайман.
18 Мен тақыр төбешиклерден
дәрьялар,

Ойпатлықлардың ортасынан
булақлар ағызаман.
Шөлди көлге, қурғақ даланы
суўлы булақларға
айландыраман.
19 Шөлге кедр, акация, мирта
путаларын ҳәм зәйтүн
ағашларын,
Қуў далаға сәрўи, шынар ҳәм
қарағай ағашларын бирге
отырғызаман.
20 Сонда адамлар буны Жаратқан
Ийениң ислегенин,
Израилдың Мухаддесиниң
жаратқанын,
Көреди, биледи, ақыл
жуўыртып, түсинеди».

### Жаратқан Ийе бутларға қарсы

21 «Даўаңызды айтың,
– дейди Жаратқан Ийе, –
Дәлиллериңизди келтириң,
– дейди Яқыптың Патшасы. –
22 Бутларыңызды алып келиң,
Олар не болатуғынын айтып
берсин.
Ойланып, ақыбетин
түсиниўимиз ушын,
Өтмиште болғанлардың
мәнисин аян етсин,
Ямаса келешекте
болатуғынларды бизге
билдирсин.
23 Сизлердиң қудай екениңизди
билиўимиз ушын,
Буннан кейин не болатуғынын
билдириң.
Көрип, ҳайран қалыўымыз
ушын,
Жақсы яки жаман бир нәрсе
қылың.
24 Сизлер де, ислериңиз де ҳеш
нәрсе емес.
Сизлерди таңлағанлар
жеркенишли.

25 Мен арқадан биреўди ҳәрекетке
келтирдим, ол киятыр.
Мениң атымды шақырған
шығыстан киятыр.
Ол гүлалшының ылайды
басқылағаны сыяқлы,
Ҳүкимдарларды ылайдай
қылып басқылайды.
26 Билиўимиз ушын, ким буны
әўел бастан жәрия етти?
„Ҳақсыз“ деп айтыўымыз ушын,
ким алдын ала хабар
берди?
Ҳеш ким хабар бермеди, ҳеш
ким жәрия етпеди,
Ҳеш ким сөзлериңди еситпеди.
27 Мен биринши болып Сионға:
„Олар киятыр“, – деп билдирдим,
Ерусалимге хабаршы жибердим.
28 Көз салып қарасам, арасында
кеңес беретуғын да,
Мен сорағанда, жуўап беретуғын
да бирде биреўи жоқ.
29 Мине, олардың ҳәммеси жалған!
Ислери ҳеш нәрсеге турғысыз,
Мүсинлери самал ҳәм
бослықтан ибарат».

### Жаратқан Ийениң қулы

42 1 «Мине, Мен қоллаған
қулым,
Кеўлиме унаған таңлағаным!
Мен Өз Руўхымды Оған
беремен,
Ол миллетлерге әдалат алып
келеди.
2 Ол бақырмайды, даўысын
көтермейди,
Көшелерде Оның сести
еситилмейди.

3 Ол майысқан қамысты
сындырмайды,
Пысқып турған пиликти де
өширмейди,
Садықлық пенен әдалатты иске
асырады.
4 Жер бетинде әдалатты
орнатпағанша,
Ҳәлсиремейди, руўхы да
түспейди.
Атаўлар Оның тәлимине үмит
байлайды».

5 Көклерди жаратып, оны жайған,
Жерди ҳәм ондағыларды
жайып жиберген,
Ондағы инсанларға дем берген,
Онда жүргенлерге жан берген,
Қудай Ийе былай дейди:
6 «Мен, Жаратқан Ийе сени
қутқарыўымды көрсетиў
ушын шақырдым,
Сениң қолыңнан услап,
қорғайман,
Халқым менен дүзген
келисимимди,
Сен арқалы әмелге асыраман.
Сени миллетлерге нур қыламан.
7 Сен соқыр көзлерди ашып,
Тутқынларды қамақханадан
шығарып,
Қараңғылықтағыны зинданнан
азат етесең.

8 Мен – Жаратқан Ийемен.
Мениң атым усы.
Даңқымды басқаға, Өзиме
айтылатуғын алғысты
бутларға бермеймен.
9 Мине, бурын болжап
айтылғанлар әмелге асты.
Мен таза нәрселерди
жәриялайман,
Олар жүзеге аспай турып,
Алдын ала сизлерге аян
етемен».

## Алғыс-мақтаў жыры

10 Теңизде жүзип жүргенлер ҳәм
оны толтырып турғанлар,
Атаўлар ҳәм оларда
жасаўшылар,
Жаратқан Ийеге арнап таза
қосық айтың,
Жердиң ең шетлеринен Оған
алғыс-мақтаўлар айтың!
11 Шөл ҳәм ондағы қалалар,
Кедар халқы жасайтуғын
аўыллар даўысын көтерсин!
Села турғынлары қуўаныштан
қосық айтып,
Таўлардың төбелеринен
бақырсын!
12 Олар Жаратқан Ийени
уллыласын,
Атаўларда Оған алғыс-
мақтаўлар айтсын!
13 Жаратқан Ийе баҳадыр
жигиттей болып,
Жаўынгердей ғәзебин шашады,
Әскерий уран салып, бақырып,
Душпанлардан үстинлигин
көрсетеди.

## Жаратқан Ийениң жәрдем сөзи

14 «Мен узақ ўақыт үндемедим,
Сабырлылық пенен Өзимди
усладым.
Енди болса, туўайын деп
атырған ҳаялдай
қышқыраман,
Ентигип дем аламан.
15 Мен таўларды ҳәм
төбешиклерди ўайран
етемен,

Пүткил от-шөплерди қырып
таслайман.
Дәрьяларды атаўларға
айландырып,
Ҳәўизлерди қурытаман.
16 Соқырларды билмеген
жолларынан алып
жүремен,
Оларды таныс болмаған
соқпақлардан жетелеймен,
Алдында қараңғылықты
жақтылыққа,
Ойлы-бийик жерлерди тегис
жерге айландыраман.
Мен буларды ислеймен,
Оларды тәрк етпеймен.
17 Ойма бутларға исенгенлер,
Қуйма бутларға: „Сизлер
қудайымызсыз“, –
дейтуғынлар,
Шерменде болып, олардан жүз
бурады».

## Соқыр ҳәм гереӊ Израил

18 «Ҳәй, гереңлер, еситиңлер,
Ҳәй, соқырлар, қарап көриңлер!
19 Мениң қулымдай соқыр болған
бар ма?
Мен жиберетуғын хабаршыдай,
гереӊ болған бар ма?
Маған бағышланған биреўдей,
соқыр,
Ямаса Мениң, Жаратқан
Ийениң қулындай, соқыр
болған бар ма?
20 Сен көп нәрсени көрдиң, бирақ
итибар бермедиң,
Қулақларың ашық еди, бирақ
еситпедиң».

21 Өз әдалаты ҳақы,
Нызамларын даңққа бөлеп,
уллы қылыў,
Жаратқан Ийеге унады.
22 Бирақ бул халық талан-тараж
қылынған,
Ҳәммеси зинданға тасланып,
қамақханаға қамалған.
Олар олжаға айланды,
қутқаратуғын ҳеш ким жоқ.
Таланды, «Қайтарып бер»,
дейтуғын ҳеш ким жоқ.

23 Араңызда буған қулақ
түретуғын,
Дыққат қойып, келешек ушын
тыңлайтуғын бар ма?
24 Яқыпты таланшыларға,
Израилды қарақшыларға
берген ким?
Бул Жаратқан Ийе емес пе?
Оған қарсы гүна ислемедик пе?
Олар Оның жолынан жүрмеди,
Нызамына қулақ аспады.
25 Сонлықтан Ол лаўлаған ғәзебин,
Ғыжлаған урысты үстине
дөндирди.
Дөгерегин от пенен қапласа да,
түсинбеди,
Күйдирсе де, жүрекке алмады.

## Израилдың қутқарыўшысы

43 1 Бирақ енди, Яқып, сени
жаратқан,
Израил, сени дөреткен,
Жаратқан Ийе былай дейди:
«Қорқпа, Мен сени азат еттим,
Сениң атыңды айтып
шақырдым, сен
Меникисең.
2 Суўлардан өткениңде, сениң
менен бирге боламан,
Дәрьялардан өткениңде, олар
сени ығызып кетпейди.
От ишинен жүргениңде
жанбайсаң,

Жалын сени жалмамайды.
3 Мен сениң Қудайың Жаратқан Ийе,
Израилдың Мухаддеси, сениң Қутқарыйўшыңман.
Сениң төлемиң сыпатында Мысырды,
Сениң орныңа Хабашстан менен Себаны бердим.
4 Нәзеримде қымбатбаҳа ҳәм қәдирли болып,
Сени сүйгеним ушын,
Сениң орныңа адамларды,
Сениң өмириң ушын халықларды беремен.
5 Қорқпа, Мен сениң менен биргемен,
Урпақларыңды шығыстан алып келемен,
Өзиңди батыстан жыйнап аламан.
6 Арқаға: „Оларды бер“,
Қублаға: „Оларды услама“, – деймен.
„Улларымды узақтан,
Қызларымды жердиң түпкирлеринен,
7 Маған тийисли болған ҳәр бир адамды,
Өз даңқым ушын жаратқанларымды,
Пишим берип, дөреткенлеримди қайтар“, – деймен».

### Жаратқан Ийениң гүўасы – Израил

8 Көзи болса да, көрмейтуғын соқырларды,
Қулағы болса да, еситпейтуғын гереңлерди алып шығың.
9 Пүткил миллетлер бир жерге жыйналсын,
Халықлар топлансын.
Олардың арасында қайсысы буларды жәриялап,
Өткен ўақыяларды алдын ала бизлерге билдире алды?
Гүўаларды алып келип, өзлерин ақласын,
Басқалар еситип: «Бул дурыс», – десин.

10 «Сизлер Мениң гүўаларымсыз,
– дейди Жаратқан Ийе. –
Мени билип, Маған исениўиңиз,
Мениң ким екенимди түсиниўиңиз ушын,
Сайлап алған қулларымсыз.
Меннен алдын, ҳеш қандай қудай болған емес,
Меннен кейин де болмайды.

11 Мен, тек жалғыз Мен – Жаратқан Ийемен.
Меннен басқа Қутқарыйўшы жоқ.
12 Мен алдын ала билдирдим, қутқардым ҳәм жәрияладым.
Араңызда басқа қудай жоқ.
Сизлер Мениң гүўаларымсыз,
– дейди Жаратқан Ийе, –
Мен Қудайман.
13 Әўел бастан бери, Мен Солман.
Мен услағанды ҳеш ким жаздыра алмайды.
Мен қылғанды ким бийкарлай алады?»

### Бабилоннан қутылыў

14 Әмеңгериңиз, Израилдың Мухаддеси,
Жаратқан Ийе былай дейди:
«Сизлер ҳақы Бабилонға биреўди атланысқа жоллайман.

Калдейлерди даўрығы көкке
жеткен кемелерине
мингизип,
Қашыўға мәжбүр етемен.
15 Сизлердиң Мухаддесиңиз,
Израилдың Жаратыўшысы,
Сизлердиң Патшаңыз
Жаратқан Ийе Мен
боламан».

16 Теңизден жол,
Бурқасынлаған суўдан соқпақ
ашқан Жаратқан Ийе,
17 Саўаш арбаларын, атларды,
Күшли әскерлерди ордасы
менен алып шыққан[a] Ол
былай дейди:
«Олар жығылып, тура алмайды,
Өширилди, шырадай сөнди.
18 Өткенлерди умытың,
Бурынғыларды еске алмаң.
19 Мине, Мен жаңа нәрсе қыламан!
Ол басланды, неге түсинбейсиз?
Мен шөлде жол, сахрада
дәрьялар саламан.
20 Жабайы ҳайўанлар, сағал ҳәм
үкилер,
Мени ҳүрмет қылады.
Себеби таңлап алған халқым
ишиўи ушын,
Шөлде суў, сахрада дәрьялар
ағыздым.
21 Маған алғыс-мақтаў айтыўы
ушын,
Өзим ушын жараттым бул
халықты.

22 Бирақ сен, Яқып, Мени
шақырмадың,
Израил, сен Меннен
шаршадың!
23 Жандырылатуғын қурбанлық
ушын қойларыңды алып
келмедиң,
Қурбанлықларың менен Мени
сыйламадың.
Мен садақалар талап етип, сени
қыйнамадым,
Хош ийисли түтеткилер
талап етип, аўырманлық
салмадым.
24 Сен Маған арнап, хош ийисли
қамыс сатып алмадың,
Мени қурбанлықтың майына
тойдырмадың.
Керисинше, гүналарың менен
Маған жүк болдың,
Қылмысларың менен Мени
шаршаттың.
25 Өзим ушын қылмысларыңды
өширетуғын Менмен,
Енди қайтып гүналарыңды
еслемеймен.

26 Мениң ядыма сал, даўласайық,
Ақланыў ушын, дәлиллериңди
келтир.
27 Түп атаң гүна ислеген еди,
Дәлдалшыларың Маған қарсы
бас көтерди.
28 Сонлықтан Ибадатхана
басшыларының абырайын
төктим,
Яқыпты пүткиллей жоқ
қылыўға,
Израилды ғарғысқа ҳүким
еттим».

## Жаратқан Ийе – жалғыз Қудай

# 44

1 «Бирақ, енди, қулым
Яқып,

---

a **43:17** Шығ 14:1-31.

Таңлағаным Израил, қулақ сал!
2 Сени жаратқан, қурсақта сени
қəлиплестирген,
Саған жəрдем беретуғын
Жаратқан Ийе былай
дейди:
Қорқпа, қулым Яқып,
Сайлап алғаным Ешурун[a]!
3 Кеўип қалған жерге суў
жиберип,
Қурғақ жерлерге сайлар
ағызаман.
Урпақларыңның үстине
Руўхымды,
Перзентлериңниң үстине
жарылқаўымды
жаўдыраман.
4 Олар жасыл жайлаўдағы отлар,
Ағын суў жағасындағы таллар
сыяқлы өсип-өнеди.
5 Биреўи: „Мен Жаратқан Ийеге
тийислимен“, – дейди,
Екиншиси өзин Яқыптың аты
менен атайды,
Басқасы: „Жаратқан Ийеге
тийислимен“, – деп қолына
жазып,
Өзин Израил деп атайды».

6 Израилдың Патшасы ҳəм
Əмеңгери Жаратқан Ийе,
Əлемниң Жаратқан Ийеси
былай дейди:
«Мен биринши ҳəм соңғыман,
Меннен басқа қудай жоқ.
7 Маған уқсағаны бар ма? Ол
хабар берсин.
Əййемги халқымды жаратқан
күннен баслап болып
өткенлерди,
Келешекте не болатуғынын
билдирип, баянласын.
Енди болатуғын нəрселерден
хабар берсин.
8 Қалтыramaң, қорқпаң!
Сизлерге əўел бастан айтып,
билдирмедим бе?
Сизлер Мениң гүўаларымсыз.
Меннен басқа қудай бар ма?
Басқа Жартас жоқ, басқа бирде
биреўин де билмеймен».

## Бутқа табыныўшыларға ескертиў

9 Бут соққанлардың ҳəммеси –
ҳеш ким емес,
Олар қəдирлеген нəрселер –
пайдасыз.
Олардың өзлери буған гүўа,
Себеби бутлары көрмейди де,
түсинбейди де.
Сонлықтан олар шерменде
болады.
10 Пайда бермейтуғын қудайды
ким соғады?
Бутты ким қуяды?
11 Қара, соған шерик болғанлардың
ҳəммеси уятқа қалады.
Өнерментлер – бары-жоғы тек
адамлар.
Олардың ҳəммеси жыйналып,
ҳəммеси бир жерде турсын.
Олар қорқып, уятқа қалады.
12 Темирши қуралын алып,
Көмир шоғында таплайды,
Шөккиш пенен ислеў берип,
Билегиниң күши менен пишим
береди.
Темирши аш болып, ҳəлсирейди,
Суў ишпей, ҳалдан таяды.

---

a **44:2** *Ешурун* – Израил халқына берилген басқа атама болып, «Əдил» деген мəнисти билдиреди.

13 Ағаш устасы ағашты жип пенен өлшеп,
Ушлы қурал менен сызып алады.
Қашаў менен пишим берип,
Аша таяқ пенен тамғалап,
Адам қәлпине келтиреди.
Оны бутханаға қойыў ушын,
Пүткил адам гөззаллығын береди.
14 Ол кедр ағашын кесип алады.
Сәрўи яки емен ағашын таңлап алып,
Өсиў ушын тоғайдағы тереклер арасында қалдырады.
Ямаса кедр ағашын отырғызады,
Жаўын оны өсиреди.
15 Кейин ағаш отын болады,
Адам отынның бир бөлегин жағып ысынса,
Басқа бөлеги менен нан писиреди.
Ал қалғанынан өзине бир қудай соғып алып, табынады,
Бут соғып алып, алдына жығылып, тәжим етеди.
16 Отынның ярымын жағып, аўқат таярлайды,
Кәбап писирип, тойғанша жейди.
Ол жылынып, былай дейди:
«Мен жылындым, оттың ҳәўирин сездим».
17 Аўысқан отыннан ол қудай, яғный өзине бут ислеп алып,
Оның алдында тәжим етеди, оған сыйынады.
Оған дуўа етип, былай дейди:
«Мени қутқар, өйткени сен қудайымсаң».
18 Бундай адамлар ҳеш нәрсени билмейди, түсинбейди де.
Өйткени көрмесин деп көзлери,
Түсинбесин деп жүреклери жабылған.
19 Ҳеш ким ойланып көрмейди:
«Отынның ярымын жақтым,
Қозына нан писирдим,
Гөштен кәбап писирип жедим,
Енди қалғанынан жеркенишли нәрсе соғайын ба?
Бир бөлек ағашқа табынайын ба?» – деп айтыўға,
Ақыл-парасаты жетпейди.
20 Ол күлдиң изинен қуўады,
Алданған жүреги оны жолдан адастырады.
Ол өз жанын қутқара алмайды,
«Оң қолымдағы нәрсе жалған нәрсе емес пе?» – дей алмайды.

21 «Яқып, буларды есте тут,
Израил, сен Мениң қулымсаң.
Мен сени жараттым, сен Мениң қулымсаң.
Израил, Мен сени умытпайман.
22 Сениң қылмысларыңды булт киби,
Гүналарыңды азанғы думан киби, таратып жиберемен.
Маған қайт, Мен сен ушын төлем төледим».

23 Ҳәй көклер, қуўаныш пенен қосық айтың,
Себеби буны Жаратқан Ийе жүзеге асырды.
Ҳәй жердиң тереңликлери, бақырың!
Таў ҳәм тоғайлар,
Тоғайдағы ҳәмме тереклер қосық айтың,
Себеби Яқыпты Жаратқан Ийе азат етти,
Израилда Өзин даңққа бөледи.

24 Сени қурсақта қәлиплестирген
Әмеңгериң,
Жаратқан Ийе былай дейди:
«Ҳәмме нәрсени жаратқан,
Көклерди жалғыз Өзи жайған,
Жалғыз Өзи жерди дөреткен,
25 Жалған пайғамбарлардың
белгилерин пушқа
шығарған,
Палкерлерди ақмақ қылған,
Даналарға соққы берип,
Билимлерин наданлыққа
айландырған,
26 Қулының сөзин тастыйықлаған,
Хабаршыларының
айтқанларын әмелге
асырған,
Ерусалимге: „Ишинде және адам
жасайды“, – деп айтқан,
Яҳуда қалаларына: „Олар
қайтадан қурылады,
Қарабақаналарын
тиклеймен“, – деген,
27 Шуқыр суўларға: „Қурып
кет, дәрьяларыңды
қурытаман“, – деген,
28 Киргe[a]: „Мениң шопаным,
барлық мақсетлеримди ол
әмелге асырады“, – деген,
Ерусалимге: „Жаңадан
қурылады“,
Ибадатханаға: „Қайта
тикленеди“, – деген,
Жаратқан Ийе Мен боламан».

### Жаратқан Ийениң Кирди таңлаўы

45 1 Жаратқан Ийе майлаға-
нына,
Оң қолынан услағанына, яғный
Кирге былай дейди:
«Алдында миллетлерди бас
ийдиремен,
Патшаларды қуралларынан
маҳрум етемен.
Алдында дәрўазалар ашылып,
Олар жабылмайды.
2 Мен алдыңда жүрип, таўларды
тегислеймен,
Қола дәрўазаларды бузып,
темир тәмбилерди
сындыраман.
3 Саған қараңғылықта
жасырынған
ғәзийнелерди,
Жасырын жерлерде сақланған
байлықларды беремен.
Усы арқалы атыңды айтып
шақырған Мен – Жаратқан
Ийе,
Израилдың Қудайы екенимди
билесең.
4 Сен Мени танымасаң да,
Қулым Яқып, таңлағаным
Израил ҳақы,
Сени атыңды айтып
шақырдым,
Саған ҳүрметли ат қойдым.
5 Мен – Жаратқан Ийемен,
басқасы жоқ.
Меннен басқа қудай жоқ.
Мени танымасаң да, саған күш
беремен.
6 Шығыстан батысқа дейинги
адамлар,
Меннен басқасының жоқ
екенин билип қойсын.
Мен – Жаратқан Ийемен,
басқасы жоқ.
7 Нурды дөреткен,
қараңғылықты жаратқан
Мен боламан,

---

a **44:28** *Кир* – Ийш 41:2; 2Жлн 36:22 қараң.

Абаданлықты беретуғын,
апатшылықты
жиберетуғын да Менмен.
Булардың ҳәммесин
ислейтуғын Мен,
Жаратқан Ийемен.
8 Көклер, сен жоқарыдан
қутқарылыўды төк,
Бултлар оны төменге
жаўдырсын.
Жер ашылып, қутқарылыў
өсип шықсын,
Оның менен бирге әдиллик те
өссин.
Буны Мен, Жаратқан Ийе
жараттым».

## Қүдирети күшли Қудай

9 Жаратыўшысы менен
даўласатуғынлар, ҳәсирет
шегесизлер!
Топырақтан жасалған гүзениң
сынығы!
Ылай гүлалшыға: «Не ислеп
атырсаң?»
Ямаса: «Ислеп атырған
нәрсеңниң услағышы
жоқ», – деп айта ма?
10 Әкесине: «Мени неге дүньяға
келтирдиң?»
Анасына: «Мени неге
туўдың?» – дейтуғынлар,
Ҳәсирет шегесизлер!
11 Израилдың Мухаддеси ҳәм
Оның Жаратыўшысы,
Жаратқан Ийе былай дейди:
«Балаларымның келешеги
ҳаққында сораўға
тутпақшымысыз?
Қолымның ислери туўралы
буйрық бермекшимисиз?
12 Мен жерди дөретип,
Оның үстине адамды жараттым,
Өз қолларым менен көклерди
жайдым,
Аспан денелерине буйрық
бердим.
13 Кирди әдил нийетимди әмелге
асырыў ушын ҳәрекетке
келтирдим,
Оның пүткил жолларын
тегислеймен.
Ол Мениң қаламды қайта
қурады,
Тутқын болған халқымды
төлемсиз ҳәм парасыз азат
етеди», –
дейди Әлемниң Жаратқан Ийеси.

14 Жаратқан Ийе Израилға былай
дейди:
«Мысырдың байлығы,
Хабаштанның пайдасы
сеники болады,
Узын бойлы Себа урпақлары
саған келеди.
Олар саған ереди,
Кисенбәнт болып саған келип,
Тәжим етип, жалбарынып:
„Қудай тек сениң менен бирге,
басқа бири жоқ,
Оннан басқа қудай жоқ“, –
дейди».

15 Израилдың Қудайы –
Қутқарыўшы,
Ҳақыйқаттан да, Өзин
жасырған Қудай – Сенсең!
16 Бут соғатуғынлардың ҳәммеси
уятқа қалып, масқара
болады,
Ҳәммеси бирге шерменде
болады.
17 Бирақ Израил Жаратқан
Ийе тәрепинен мәңгиге
қутқарылады.

Сизлер мәңгиге уятқа
қалмайсыз,
Масқара болмайсыз.

18 Көклерди жаратқан – Ол Қудай.
Дүньяны бина еткен,
Оған түр-түс берип, оны
беккемлеген,
Оны бос турыў ушын емес,
Ал адам жасаўы ушын
жаратқан,
Жаратқан Ийе былай дейди:
«Мен – Жаратқан Ийемен,
Меннен басқасы жоқ.
19 Мен жасырын да, қараңғылықта
да сөйлемедим.
Мен Яқыптың урпақларына:
„Мени хеш нәрсе жоқ жерден
излең“, – демедим.
Мен – Жаратқан Ийемен,
ҳақыйқатты айтаман,
Мен шынлықты баян етемен».

## Қудай ҳәм Бабилонның бутлары

20 «Миллетлерден қашып
қутылғанлар,
Келип, бир жерге жыйналып,
қасыма жақынлаңлар!
Ағаш бутларды көтерип,
Қутқармайтуғын қудайға
сыйынғанлар,
Ҳеш нәрсени билмейди.
21 Айтың, даўаңызды баян етиң,
Олар бирге мәсләҳәтлессин!
Буны әзелден айтқан ким?
Өтмиште аян еткен ким?
Жаратқан Ийе болған Мен
емеспен бе?
Меннен басқа қудай жоқ,
Мен әдил Қудайман ҳәм
Қутқарыўшыман,
Меннен басқасы жоқ.
22 Пүткил дүнья,
Маған жүз бурың, қутқарыласыз!
Мен Қудайман, басқасы жоқ.
23 Мен Өзим ҳақы ант иштим,
Аўзымнан шыққан сөз туўры,
Ол босқа шықпас:
„Ҳәр бир адам Мениң алдымда
дизе бүгеди,
Ҳәр бир тил Маған ант ишеди“.

24 Олар Мен туўралы: „Әдалат ҳәм
күш,
Жалғыз Жаратқан Ийеде“, –
дейди.

Оған ғәзепленгенлердиң
ҳәммеси,
Алдына келип, уялып қалады.
25 Бирақ Израилдың пүткил
нәсили,
Жаратқан Ийеде ақланып,
Оның менен мақтанады».

# 46

1 Бел деген қудай дизе
бүкти,
Небо деген қудай бүгилди,
Олардың бутлары жаныўарларға
ҳәм өгизлерге жүкленди.
Бурын салтанатлы түрде
көтерип жүрген
нәрселериңиз,
Енди шаршаған ҳайўанларға
жүк болды.
2 Олардың қудайлары бүгилип,
дизе бүкти,
Олар жүклерди қутқара алмас,
Өзлери сүргин етилип атыр.

3 «Яқып урпақлары,
Израилдың аман қалғанлары,
Мени тыңлаңлар!
Қурсақта ўақтыңызда қабыл
етип алып,

Туўылғаныңыздан бери,
көтерип жүрдим.
4 Қартайғаныңызда да, Мен солай
ислеймен,
Шашыңыз ағарғанда да,
сизлерди көтеремен.
Мен сизлерди жараттым, Өзим
қоллайман,
Сизлерди көтерип жүремен,
қутқараман.

5 Мени кимге уқсатып, кимге
теңлестирежақсыз?
Кимге салыстырып,
уқсатажақсыз?
6 Адамлар алтынды шыжланынан
шығарып төлеп,
Гүмисти тәрезиде өлшеп,
Бир зергерди жаллап алады.
Зергер олардан бир қудай
соғып береди,
Адамлар жерге жығылып, оған
табынады.
7 Қудайын ийнинде көтерип
алып жүреди,
Орнына қояды, ол сол жерде
тура береди.
Орнынан қозғала алмайды.
Оған жалбарынса, жуўап
бермейди,
Ҳеш бир апаттан да
қутқармайды.

8 Ҳәй, гүнакарлар, буны
умытпаң,
Мәрт болың, ядтан шығармаң.
9 Әййемги болып өткен links ислерди
еслең.
Мен Қудайман, басқасы жоқ,
Мен Қудайман, Маған уқсағаны
жоқ.
10 Мен ақырғы болатуғынларды
әўел бастан,
Келешекте болатуғынларды
әййемнен билдирип
келемен.
Мен: „Мақсетлеримди иске
асырып,
Өзиме унаған нәрселердиң
ҳәммесин ислеймен“, –
деймен.
11 Шығыстан жыртқыш қусты,
Мақсетимди орынлайтуғын
бир адамды,
Узақ журттан шақыраман.
Мен айтқанымды орынлайман,
Жобаластырғанымды әмелге
асыраман.

12 Жүреги қайсарлар,
Жеңисти узақ деп ойлағанлар,
мени тыңлаңлар!
13 Жеңисим жақын, ол узақ емес,
Қутқарыўым кешикпейди.
Мен Сионға қутқарылыў,
Израилға даңқымды
сыйлайман».

## Бабилонның қулаўы

47 1 «Ҳәй, пәк қыз Бабилон,
Төменге түсип, топыраққа
отыр!
Ҳәй, калдейлердиң қызы,
Жерге отыр, енди тахтың жоқ.
Енди сени: „Нәзик ҳәм
мүләйим“, – деп атамайды.
2 Дигирманды алып, ун тарт,
Пәренжеңди алып тасла,
етегиңди түрип,
Балтырыңды көрсетип,
дәрьяларды кешип өт.
3 Денең ашылып, уятлы жериң
көринсин.
Мен өш аламан, ҳеш кимди
аямайман».

4 Әмеңгеримиз – Израилдың
Мухаддеси,
Оның аты – Әлемниң
Жаратқан Ийеси.

5 «Ҳәй, калдейлердиң қызы,
Қараңғыға барып, үндемей
отыр!
Сени артық: „Патшалықлардың
ханымы“, – деп атамайды.
6 Халқыма қәҳәрлендим,
Мийрасымды хорлап,
Сениң қолыңа бердим,
Сен де оларға реҳим етпедиң.
Ҳәтте, ғаррыларға да,
Жүдә ауыр мойынтырық
тақтың.
7 Сен: „Мен мәңгиге ханым
боламан“, – дедиң.
Буларға дыққат бермедиң,
Ақыбетиниң не болатуғынын
ойламадың.

8 Ҳәй, рәҳәтти сүйетуғын,
Қәўипсизликте жасап, ишинен:
„Мине мен, маған тең
келетуғыны жоқ,
Мен ҳеш қашан жесир болып
отырмайман,
Перзент дағын да көрмеймен“, –
дейтуғын сен,
Енди мынаны тыңла!
9 Булардың екеўи де бир күнде,
Тосаттан басыңа түседи:
Перзентлериңнен айырыласаң,
жесир қаласаң.
Сыйқыршылықтың көплигине,
Дуўаханлықтың уллы күшине
қарамастан,
Олар бәри бир басыңа түседи.
10 Сен өз жаўызлығыңа исендиң,
„Мени ҳеш ким көрмейди“, –
деп ойладың.
Даналығың ҳәм билимиң сени
жолдан адастырды.
Ишиңнен: „Мине мен, маған
тең келетуғыны жоқ“, –
дедиң.
11 Сонлықтан апатшылыққа
ушырайсаң,
Сыйқыршылық пенен оннан
қутыла алмайсаң.
Басыңа бахытсызлық түседи,
Төлем менен оны қайтара
алмайсаң.
Ойламаған ўайраншылық,
Тосаттан үстиңе келеди.
12 Жаслығыңнан бери
шуғылланып келген,
Дуўаханлығың ҳәм сансыз
сыйқыршылығыңды
даўам ет.
Бәлким, олардан саған пайда
тийер,
Яки олар менен биреўди
қорқытарсаң.
13 Мәсләҳәтлердиң көплиги сени
шаршатты.
Жулдызларды изертлеўшилер,
Жаңа айдың басында
не болатуғынын
айтатуғынлар,
Басыңа түсетуғын нәрселерден
сени қутқарсын.

14 Әне, олар сабанға уқсайды,
От оларды жандырады.
Жалмаған өрттен өзлерин де
қутқара алмайды.
Бул жылынатуғын қоз да,
Жанында отыратуғын жалын
да емес.
15 Усылайынша сениң менен
мийнет етип,
Жаслығыңнан алды-сатты
ислегенлердиң ҳәр бири,

Басы аўған тәрепке раўана
болады,
Сени ҳеш ким де қутқармайды».

### Израилдың қасарысыўы

48 1 Тыңла, ҳәй, Яқыптың
урпақлары!
Израилдың аты менен
аталатуғынлар,
Яҳуданың белинен өнгенлер!
Сизлер Жаратқан Ийениң аты
менен ант ишесиз,
Израилдың Қудайын
шақырасыз.
Бирақ буны шын жүректен ҳәм
әдиллик пенен ислемейсиз.
2 Сонда да, өзлериңизди мухаддес
қаладанбыз деп,
Израилдың Қудайына
сүйендиңиз.
Оның аты – Әлемниң
Жаратқан Ийеси.

3 «Болып өткенлерди Мен алдын
ала айттым,
Мениң аўзымнан шықты, Мен
оларды билдирдим.
Кейин тосаттан оларды иследим,
Олар орынланды.
4 Себеби сениң қайсарлығыңды
билемен,
Желке тамырың темирдей,
Маңлайың қоладай қатты.
5 Буларды саған алдын ала баян
еттим,
„Буларды мениң бутларым
иследи,
Ағаш мүсинлерим ҳәм қуйма
қудайларым,
Буларды буйырды“, – деп
айтпаўың ушын,
Орынланбастан алдын, оларды
саған билдирдим.
6 Буларды еситтиң, енди
ҳәммесин көр.
Буларды мойынламақшы
емесписең?
Бүгиннен баслап, саған жаңа
затларды,
Сен билмеген жасырын
затларды айтаман.
7 Булар тап ҳәзир жаратылды,
өтмиште емес,
Бүгинге дейин, сен булар
туўралы еситпедиң,
Болмаса: „Буларды билетуғын
едим“, – дейсең.
8 Сен еситпедиң де, билмейсең де,
Әзелден қулағың ашық емес еди.
Мен сениң сатқын екениңди
билемен,
Туўылғаныңнан бери,
қозғалаңшы деп аталасаң.
9 Өз атым ҳақы ғәзебимди тутып,
Өз даңқым ҳақы оны тыйдым.
Болмаса, сени жоқ қылар едим.
10 Мине, гүмистей етип болмаса да,
сени тазаладым,
Азап ошағында сынадым.
11 Буны Өзим ҳақы, Өзим ушын
ислеймен.
Неге атыма дақ түсиўи керек?
Даңқымды басқаға бермеймен.

12 Ҳәй, Яқып, шақырғаным
Израил, Мени тыңла!
Мен – Солман, биринши де,
соңғы да Менмен.
13 Қолым жердиң тийкарын қойды,
Оң қолым көклерди жайды.
Мен оларды шақырсам,
Ҳәммеси бирге алдымда турады.

14 Ҳәммеңиз жыйналып, тыңлаң!
Бутлардың қайсысы буларды
алдын ала билдирди?

Жаратқан Ийениң сүйиклиси[a],
Оның Бабилонияға қарсы
мақсетин әмелге асырады,
Оның қолы калдейлерге қарсы
болады.
15 Мен, аўа, Мен оған айттым,
Оны Мен шақырдым, Мен
алып келдим,
Ол өз исинде табысқа ериседи.

16 Маған жақынлап, мынаны
тыңлаңлар!
Бастан-ақ, Мен жасырын
сөйлемедим,
Соннан бери, Мен сол
жердемен».

Енди Қудай Ийе мени ҳәм
Руўхын жиберди.
17 Әмеңгериң, Израилдың
Мухаддеси,
Жаратқан Ийе былай дейди:
«Саған пайдалы нәрселерди
үйрететуғын,
Жүриўиң керек болған жолдан
жетелейтуғын,
Қудайың Жаратқан Ийе Мен
боламан.
18 Егер Мениң буйрықларыма
қулақ асқаныңда еди!
Абаданшылығың дәрьядай,
Әдиллигиң теңиз
толқынларындай болар
еди.
19 Урпақларың теңиз қумындай
көп,
Нәсиллериң қум
қыйыршықларындай
сансыз болар еди.
Атлары да өширилмес,
Мениң алдымда жоқ болмас
еди».

20 Бабилониядан шығып,
калдейлерден қашың!
Буны қуўанышлы даўыс пенен
жәриялаң,
Жердиң шетлерине дейин
хабарлап:
«Жаратқан Ийе Өз қулы
Яқыпты азат етти!» – деп
жайың.
21 Оларды шөлден алып өткенде
де, шөллемеди,
Олар ушын жартастан суў
ағызды,[b]
Ол жартасты жарды, суў
атылып шықты.

22 «Жаўызлар ушын тынышлық
жоқ», – дейди Жаратқан
Ийе.

## Жаратқан Ийениң қулының хызмети

**49** 1 Атаўлар, мени тыңлаң!
Узақтағы халықлар, қулақ
түриң!
Жаратқан Ийе мени ана
қурсағында болған
ўақтымда-ақ шақырды.
Анамның ишинде ўақтымда-ақ
атап атымды қойды.
2 Ол сөзимди қылыштай өткир
қылды,
Мени қолының саясына
жасырды.
Мени ушқыр оқ қылды,
Өзиниң оқ қабында сақлады.
3 Ол маған: «Мениң қулымсаң,

---

a **48:14** *Жаратқан Ийениң сүйиклиси* – бул Кирди аңлатады.
b **48:21** Шығ 17:1-7.

Израил, Мен сен арқалы
даңққа ерисемен», – деди.

4 Бирақ мен: «Мийнетим зая кетти,
Босқа, бийҳуда күшимди
сарпладым,
Бәри бир, Жаратқан Ийе
ҳақымды береди,
Қудай мийнетимниң есесин
қайтарады», – дедим.

5 Яқыптың урпақларын Оған
қайтарыўым,
Израилды Оның алдына
жыйнаўым ушын,
Қурсақта мени қәлиплестирип,
Өзине хызметши қылған,
Жаратқан Ийе сөйледи.
Мен Жаратқан Ийениң
нәзеринде ҳүрметке
еристим,
Қудайым мениң күш-
қүдиретим болды.
6 Ол былай деди: «Яқыптың
тийрелерин қайта тиклеў,
Израилдың тири қалғанларын
қайтарыў ушын,
Қулым болыўың жетерли емес,
Сени миллетлерге нур қыламан,
Мениң қутқарыўым жердиң
шетине дейин жетип
барсын».

7 Инсанлар кемситип, халық жек
көргенге,
Ҳүкимдарлардың қулына,
Израилдың Әмеңгери, Оның
Мухаддеси,
Жаратқан Ийе былай дейди:
«Патшалар сени көрип,
орнынан турады,
Көсемлер жығылып, тәжим
қылады,
Сени таңлаған Израилдың
Мухаддеси,
Садық Жаратқан Ийе ҳақы
солай қылады».

**Израилдың Жаратқан Ийеге жүз бурыўы**

8 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Мийримим түскен ўақытта,
Мен саған жуўап беремен,
Қутқарылыў күнинде жәрдем
беремен.
Сени қорғайман,
Халқым менен дүзген
келисимимди,
Сен арқалы әмелге асыраман.
Сен елди қайта тиклеп,
Ўайран болған жерлерди қайта
ийелейсең.
9 Тутқынларға: „Шығыңлар!“,
Қараңғылықта болғанға:
„Азатсаң!“, – дейсең.
Олар жол жағаларында
отлайды,
Тап-тақыр төбешиклерде
жайлаў табады.
10 Олар аш та болмайды,
шөллемейди де,
Қуўратыўшы самал да, қуяш та
оларға зыян тийгизбейди.
Мийрим көрсетиўши оларды
жетеклейди,
Суў көзлерине алып барады.
11 Ҳәмме таўларымды жолға
айландыраман,
Дәрбент жолларымды
бийиклетемен.
12 Мине, олар алыстан,
Кимиси арқадан, кимиси
батыстан,
Кимиси Синим жерлеринен
киятыр».

13 Көклер, қуўаныш пенен
бақырың!
Жер, шадлан!
Таўлар, қосық айтыңлар!
Жаратқан Ийе Өз халқын
жубатып,
Азап шеккенлерге реҳим
етежақ.

14 «Сион болса былай дейди:
„Жаратқан Ийе мени тәрк етти,
Ийем мени умытты“.
15 Ана емизиўли баласын умыта ма?
Өзи туўған баласына реҳими
түспей ме?
Ҳәтте, ана өз баласын умытса
да,
Мен сени умытпайман.
16 Қара, атыңды алақанларыма
жаздым,
Қыйралған дийўалларың
бәрқулла көз алдымда.
17 Улларың асығып келеди,
Сени қырып, ўайран еткенлер
шығып кетеди.
18 Басыңды көтерип, айланаға
қара,
Ҳәммеси жыйналып, саған
киятыр.
Тирилигим ҳақы ант ишемен,
– дейди Жаратқан Ийе. –
Олардың ҳәммеси сен ушын
безениў буйымындай
болады,
Келиншектей оларды тағып
аласаң.

19 Аўа, жериң ўайранланып, босап
қалып,
Қарабақанаға айланған болса да,
Енди жер халқыңа тарлық етип,
Сени жалмап келгенлер сеннен
узақласады.
20 Тутқын болған ўақытта
туўылған балаларың,
Еле саған былай дейди:
„Бул жер бизлерге тарлық етип
атыр,
Жасаў ушын көбирек жер бер“.
21 Сонда сен ишиңнен былай
дейсең:
„Буларды маған ким туўып берди?
Мен балаларымды жойтып,
нәсилсиз болып қалған
едим,
Сүргин етилип, қуўып
жиберилген едим.
Буларды ким өсирди?
Мен жалғыз өзим қалған едим,
Булар қайдан пайда болды?“»

22 Қудай Ийе былай дейди:
«Мен миллетлерге қол менен
белги беремен,
Халықларға байрағымды
көтеремен.
Олар улларыңды қолына,
Қызларыңды ийнине көтерип
алып келеди.
23 Патшалар саған әкелик қылып,
Ханбийкелер саған сүт
бериўши ана болады.
Олар алдында бети жерге
тийгенше ийилип тәжим
етеди,
Аяқларындағы шаңды артады.
Сонда сен Мениң Жаратқан
Ийе екенимди,
Маған үмит байлағанлар уятқа
қалмайтуғынын билип
аласаң».

24 Күшлиден олжасын тартып
алыў мүмкин бе?
Ямаса залымның қолынан
тутқын қутыла ала ма?

25 Бирақ Жаратқан Ийе былай
дейди:
«Аўа, күшлиниң қолынан
олжасы тартып алынады,
Залымның олжалары
қайтарылады.
Саған қарсы шыққанға,
Мен қарсы тураман,
Балаларыңды қутқараман.
26 Сени езгенлерге өз денесин
жегиземен,
Шарап ишкендей, өз қанларын
ишип мәс болады.
Сонда пүткил адамзат Мениң
Жаратқан Ийе екенимди,
Сениң Қутқарыўшың хәм
Әмеңгериң екенимди,
Яқыптың Күшли Қудайы
екенимди билип алады».

## Израилдың гүнасы

50 1 Жаратқан Ийе былай
дейди:
«Мен анаңызды қуўып
жиберген ўақытта берген
талақ хат қәне?
Сизлерди қарыз алған
адамымның қайсысына
сатыппан?
Мине, сизлер өз жаўыз
ислериңиз себепли
сатылдыңыз,
Сизлердиң қылмысларыңыз
себепли анаңыз қуўып
жиберилди.
2 Келгенимде, не ушын хеш ким
жоқ еди?
Шақырғанымда, не ушын хеш
ким жуўап бермеди.
Сизлерди азат етиў ушын қолым
сондай-ақ қысқа ма еди?
Ямаса сизлерди қутқарыўға
Менде күш жоқ па?
Бир айбат етсем, теңиз қурыйды,
Дәрьяларды шөлге
айландыраман.
Балықлар суўсызлықтан сасып,
шөлден өледи.
3 Көклерге қара кийдиремен,
Аза кийимин олардың
жапқышы қыламан».

## Қулдың сөзди тыңлаўы

4 Шаршағанға сөз бенен мәдет
берсин деп,
Қудай Ийе маған тәлим берип,
дана тил берди.
Хәр күни таңда Ол мени оятып,
Шәкиртлердей тыңласын деп,
қулағымды ашады.
5 Қудай Ийе қулағымды ашты,
Мен қарсы шықпадым, жүз
бурып кетпедим.
6 Мен өзимди урғанларға
арқамды,
Сақалымды жулғанларға
жүзимди туттым.
Масқаралағанда да, түкиргенде
де жүзимди жасырмадым.
7 Қудай Ийе маған жәрдем
бергенликтен,
Мен уятқа қалмадым.
Өзимди мийтиндей беккем
туттым,
Билемен, шерменде болмайман.
8 Мени ақлаўшы жанымда,
Мениң менен ким даўласады?
Кел, жүзлесейик,
Мени ким айыплай алады?
Ол жаныма келсин!
9 Маған жәрдем бериўши – Қудай
Ийе,
Ким мени гүналыға шығара
алады?
Олардың хәммеси кийимдей
тозады,

Оларды күйе жеп қояды.

10 Араңызда Жаратқан Ийеден
қорқып,
Оның хызметшисиниң даўысына
қулақ салған бар ма?
Қараңғылықта жүргенлер,
нуры болмағанлар,
Жаратқан Ийениң атына үмит
байлап,
Қудайына сүйенсин!
11 Бирақ от жағып, шыра услаған
сизлер, ҳәммеңиз,
Өз отыңыздың жарығында,
Жаққан шыраларыңыздың
жақтысында жүре бериң.
Мениң қолым сизлерге
мынаны қылады:
Азап ишинде жатасыз.

### Жаратқан Ийениң Сионды жубатыўы

51 1 «Азатлыққа умтылып,
Мени, Жаратқан Ийени
излегенлер,
Маған қулақ салыңлар!
Өзлериңиз кесип алынған
жартасқа,
Өзлериңиз қазып алынған тас
кәнине нәзер салың.
2 Әкеңиз Ибрайымға,
Өзиңизди туўған Сараға нәзер
салың.
Мен оны шақырғанымда, ол
жалғыз еди,
Мен оны жарылқап, көбейттим.
3 Мен, Жаратқан Ийе Сионға,
Оның ҳәмме қарабақаналарына
тәселле беремен.
Мен Сионның шөллерин
Эдендей,
Даладлықларын Жаратқан
Ийениң бағындай қыламан.
Онда шадлық ҳәм қуўаныш,
Миннетдаршылық ҳәм қосық
даўыслары еситиледи.

4 Халқым, Маған дыққат аўдарың,
Миллетим, Маған қулақ тутың!
Нызам Меннен шығады,
Әдалатым халықларға нур
болады.
5 Азат етиўим тез жақынласпақта,
Қутқарыўым жолға шықты.
Қолларым халықларды
басқарады,
Атаўлар Мени күтпекте,
Қолымның күшине үмит
байламақта.
6 Басыңызды көтерип, көклерге
көз тигиң,
Төменде болған жерге қараң:
Көклер түтиндей тарқап кетеди,
Жер кийим киби тозады,
Ондағы жасайтуғынлар
шыбындай өлип кетеди.
Бирақ Мениң қутқарыўым
мәңги болады,
Мениң азат етиўим ҳеш қашан
тамам болмайды.

7 Әдилликти билген,
Нызамымды жүрегинде
сақлағанлар,
Мени тыңлаң!
Адамлардың абай етиўинен
қорқпаң,
Олардың ғарғағанынан
қәўетерленбең.
8 Күйе оларды кийим киби,
Құртлар оларды жүн киби
жейди.
Бирақ Мениң азат етиўим
мәңгиге болады,
Мениң қутқарыўым әўладтан-
әўладқа даўам етеди».

9 Оян, оян, күшке тол, Жаратқан
Ийениң қолы!
Әййемги ўақытлардағыдай,
әўелги әўладтағыдай оян!
Раҳабты[a] тилкимлеген,
Сол теңиз айдарҳасының
денесин тескен Сен емес пе
единң?
10 Теңизди, терең туңғыйықтың
суўларын қурытқан Сен
емес пе единң?
Қутқарылғанлар өтсин деп,
Теңиз түбин жол қылған Сен
емес пе единң?
11 Жаратқан Ийениң азат
еткенлери изге қайтады,
Қосық айтып, Сионға қайтып
келеди.
Олар мәңгилик қуўаныш тажын
басларына кийеди.
Қуўаныш ҳәм шадлыққа толып
тасып,
Қайғы ҳәм ғам-тәшиўиш
қашып кетеди.

12 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Сизлерди жубататуғын Менмен.
Не ушын басында өлими бар
инсаннан,
Шөптей солып қалатуғын
адамның улынан қорқасаң?
13 Сен өзиңди жаратқан, көклерди
жайған,
Жердиң тийкарын қойған,
Жаратқан Ийени,
Жаратыўшыңды неге
умыттың?
Сени жоқ қылыў нийетинде
болған,
Езиўшиниң ғәзебинен неге
күни бойы қорқасаң?
Қәне, езиўшиниң ғәзеби қайда?
14 Тез арада тутқынлар азат
етиледи,
Олар өлмейди, қәбирге де
түспейди,
Нанға да зар болмайды.
15 Толқынлары шуўылдасын деп,
теңизди шайқаған,
Қудайың Жаратқан Ийе Мен
боламан.
Мениң атым Әлемниң
Жаратқан Ийеси.
16 Сөзлеримди аўзыңа салдым,
Сени қолымның саясында
жасырдым.
Көклерди орнатқан,
Жердиң тийкарын қойған,
Сионға: „Сен Мениң
халқымсаң“ деген Мен
боламан».

### Жаратқан Ийениң ғәзеп кесеси

17 Оян, Ерусалим, оян, аяққа тур!
Жаратқан Ийениң ғәзеп
кесесин Оның қолынан
иштиң,
Түбине дейин ишип,
тентиреклеп жүрдиң.
18 Өзиң туўған улларыңның
ишинде,
Сени жетеклейтуғын биреўи де
жоқ.
Өзиң өсирген улларыңның
ишинде,
Қолыңнан услап, сүйейтуғын
биреўи де жоқ.
19 Басыңа қос апат түсти,
Ким саған тәселле береди?
Набыт болыў, ўайраншылық,
ашлық ҳәм қылыш,

---

a **51:9** *Раҳаб* – Бул ат бул жерде Мысырды билдиреди.

Ким сени жубата алады?
20 Улларың естен танып,
Торға түскен антилопадай болып,
Ҳәр көшениң басында жатыр.
Олар Жаратқан Ийениң ғәзебине,
Қудайыңның қәҳәрине ушыраған.

21 Сонлықтан азап шеккен,
Шарапсыз мәс болғанлар, мынаған қулақ салың!
22 Ийең, Өз халқын қорғайтуғын Қудайың Жаратқан Ийе былай дейди:
«Мине, Мен сени тентиреклететуғын кесени қолыңнан алдым,
Буннан былай, Мениң ғәзеп кесемнен ишпейсең.
23 Оны сени жәбирлегенлердиң қолына беремен.
Олар саған: „Жерге жат, үстиңнен басып өтейик“, – деди,
Сонда сен арқаңды тутып, жердей,
Олар өтетуғын көшедей қылдың».

## Сионның қуўанышы

52 1 Оян Сион, оян, күшке тол!
Ерусалим, мухаддес қала, әжайып кийимлериңди кий!
Енди сүннетсизлер ҳәм ҳарам адамлар саған кирмес ҳасла.
2 Үстиңдеги топырақты қағып таслап,
Тур, Ерусалим, тахтқа отыр.
Мойныңдағы шынжырды үзип тасла,
Тутқын болған қыз Сион!

3 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Сизлер пулға сатылмадыңыз,
Пулсыз азат етилесиз».
4 Қудай Ийе былай дейди:
«Халқым жасап турыў ушын, дәслеп Мысырға барды,
Кейин ассириялылар себепсиз оларды жәбирледи.
5 Бул не аўҳал?
– дейди Жаратқан Ийе. –
Халқым қурыдан-қуры басып алынды,
Ҳүкимдарлары пәрияд етпекте,
– дейди Жаратқан Ийе. –
Күни бойы атыма тил тиймекте.
6 Бирақ халқым Мениң атымды билип алады.
Сол күни олар Мениң сөйлегенимди,
„Мине, Мен“ дегенниң Мен екенин биледи».

7 Таўлар асып, Хош Хабар алып киятырғанның,
Аяқлары қандай әжайып!
Ол парахатшылықты жәрияламақта,
Хош хабар алып келмекте,
Қутқарылыўды жәрия қылмақта.
Ол Сионға: «Қудайың ҳүкимдарлық қылады!» демекте.
8 Тыңлаң! Гүзетшилериң даўысын көтермекте,
Бирге олар қуўанып бақырмақта.
Жаратқан Ийениң Сионға қайтып келгенин,
Олар өз көзлери менен көреди.

9 Биргеликте шадлық пенен
бақырың,
Ерусалимниң қарабақаналары!
Жаратқан Ийе Өз халқына
тәселле берди,
Ерусалимди азат етти.
10 Пүткил миллетлердиң көз
алдында,
Жаратқан Ийе мухаддес
билегин түрди.
Пүткил дүнья,
Қудайымыздың қутқарыўын
көреди.

11 Кетиң, кетиң, ол жерден шығың!
Ҳарам нәрселерге қол тийгизбең!
Сизлер, Жаратқан Ийениң
мухаддес затларын
тасыўшылар!
Ол жерден шығып, тазаланың,
12 Бирақ асығыс шығып кетпең,
Қашып та жүрмең.
Себеби Жаратқан Ийе
алдыңызда жүреди,
Израилдың Қудайы изиңизден
қорғап барады.

### Жаратқан Ийениң қулының азап шегиўи ҳәм уллыланыўы

13 «Мине, қулым табысқа ериседи,
Ол көтерилип, уллыланып, ең
бийикке шығарылады.
14 Көплер оған ҳайран қалды.
Оның түр-түси адамға
уқсамайтуғын сықылсыз,
Көриниси де адам улына
уқсамайтуғын еди.
15 Ол көп миллетлерди лал
қалдырады,
Патшалар оның алдында аўзын
жумады.
Себеби олар айтылмаған
нәрселерди көрип,
Еситпеген нәрселерин
түсинеди».

## 53

1 Бизлерге жиберилген
хабарға ким исенди?
Жаратқан Ийениң күш-
қудирети кимге аян болды?
2 Жаратқан Ийениң қулы Оның
алдында нәлдей,
Қурғақ жердеги тамырдай өсип
шықты.
Бизлер оған қарағандай,
Онда сын-сымбат та, уллылық
та болмады,
Өзине тартқандай көринис те
жоқ еди.
3 Ол адамлар тәрепинен
кемситилди, оннан жүз
бурылды.
Ол қайғының, азап-ақыреттиң
не екенин билетуғын еди.
Адамлар оннан бетин
жасыратуғындай дәрежеде
ол кемситилди,
Оны биз адам қатарында
көрмедик.

4 Ҳақыйқатында ол, бизлердиң
кеселликлеримизди өзине
алды,
Аўырыўларымызды көтерди.
Бизлер болса, оны Қудай
тәрепинен жазаланып,
Урылып, азап шегип атыр, деп
ойладық.
5 Ал ол бизлердиң
қылмысларымыз ушын
жарақатланды,
Бизлердиң жынаятымыз ушын
азап шекти.
Тынышлық алыўымыз ушын
берилетуғын жазаны ол
алды,

Оның жаралары бизлерге
шыпа берди.
6 Бизлердиң ҳәммемиз қойлардай
жолдан адастық,
Ҳәр биримиз өз жолымыздан
кеттик.
Жаратқан Ийе оған
ҳәммемиздиң
қылмысымызды жүкледи.

7 Ол езилип, азап шексе де,
аўзын ашпады,
Сойылыўға алып баратырған
қой киби,
Жүн қырқыўшының алдында
үнсиз жатқан қой киби,
Ҳеш аўзын ашпады.
8 Ол наҳақ ҳүким менен алып
кетилди.
Халқымның жынаяты ушын
азапланып,
Тирилер әлеминен шығарып
тасланды.
Оның заманласларынан қайсы
бири буны билди?
9 Ол залым да болмаған,
Аўзынан жалған сөз де
шықпаған болса да,
Оның қәбири залымлар
жанынан белгиленди,
Бай адамның қасына қойылды.

10 Оның жәбирленип, азап шегиўи,
Жаратқан Ийениң қәлеўи еди.
Оның жаны гүна ушын
қурбанлық етип берилген
ўақытта,
Ол өз урпақларын көрип,
өмири узаяды.
Ол арқалы Жаратқан Ийениң
ерки орынланады.
11 Жан азабынан соң ол нурды
көреди,
Өз билими арқалы
қанаатланады.
Мениң әдил қулым көплерди
ақлайды,
Олардың қылмысларын өзине
алады.
12 Сонлықтан уллылар қатарында
оған пай беремен,
Күшлилер менен олжа
бөлиседи.
Өйткени ол жанын қурбан етти,
Жынаятшылар қатарында
саналды,
Көплердиң гүнасын өзине алды,
Қылмыскерлер ушын араға
түсти.

## Сионның келешектеги уллылығы

**54** 1 «Шадлан, ҳәй, бала көр-
меген нәсилсиз ҳаял!
Толғатып көрмеген, сен,
шадланып бақыр!
Себеби таслап кетилген
ҳаялдың балалары,
Күйеўи бар ҳаялдикинен көп
болады,
– дейди Жаратқан Ийе. –
2 Шатырыңның орнын кеңейт,
Мәкан жайыңның перделерин
аямай созып,
Жиплерин узын етип ал,
қазықларын беккемле.
3 Сен оңға да, солға да жайыласаң,
Урпақларың миллетлердиң
жерлерин ийелеп,
Бос қалған қалаларға
орналасып алады.
4 Қорқпа, уятқа қалмайсаң,
Руўхың түспесин, масқара
болмайсаң.
Сен жаслығыңдағы
шерменделикти умытасаң,

Жесирлик ҳәсиретиңди артық
еске алмайсаң.
5 Себеби сениң күйеўиң – сениң
Жаратыўшың,
Оның аты – Әлемниң
Жаратқан Ийеси.
Израилдың Мухаддеси –
Әмеңгериң,
Ол пүткил дүньяның Қудайы
деп аталады.
6 Сен күйеўи таслап кетип,
Қәлби жарақатланған ҳаялға
уқсайсаң.
Бирақ Жаратқан Ийе сени
шақырады,
– дейди Қудайың. –
7 Мен сени бир мәўрит тәрк еттим,
Бирақ уллы меҳир менен сени
жыйнайман.
8 Қәҳәрленгенимде, сеннен бир
мәўрит жүзимди жасырған
едим,
Бирақ мәңгилик
сүйиспеншилигим менен,
Саған реҳим етемен,
– дейди Әмеңгериң Жаратқан
Ийе. –
9 Бул Мен ушын Нухтың
дәўирине уқсайды.
Нухтың дәўиринде топан сууы,
Жер жүзинде енди
қайталанбайды деп ант
ишкеним сыяқлы,
Саған да енди қәҳәрленип,
жазаламайман деп ант
иштим.
10 Таўлар орнынан қозғалып,
төбелер шайқалса да,
Мениң саған деген
сүйиспеншилигим
тербелмейди,
Тынышлық келисимим де
қозғалмас,
– дейди саған реҳим еткен
Жаратқан Ийе. –

11 Азап шегип, даўыл дүбеп,
жубаныш таппаған қала!
Сени периўзадан қурып,
Тийкарыңды лазуриттен қояман.
12 Минараларыңды рубиннен,
Дәрўазаларыңды гәўҳардан,
Дийўалларыңды қымбатбаҳа
таслардан ислеймен.
13 Балаларыңның ҳәммеси
Жаратқан Ийеден тәлим
алады,
Олар уллы тынышлыққа
бөленеди.
14 Сен әдалатлық пенен негиз
қурасаң,
Езилиўден аўлақ боласаң,
қорқпайсаң.
Қәўип-қәтерден жырақ боласаң,
ол саған жақынламас.
15 Егер биреў саған топылса,
Бул Меннен емес,
Саған ҳүжим қылғанның ҳәр
бири саған бас ийеди.

16 Қара, көмир шоғын үплеп,
Өз мақсети ушын қурал-жарақ
соққан темиршини,
Мен жараттым.
Ўайран қылсын деп,
басқыншыны да Мен
жараттым.
17 Саған қарсы қолланыў ушын
жаратылған,
Ҳеш қандай қурал-жарақ
табысқа ериспейди,
Ҳүкимде сени айыпламақшы
болған ҳәр бир тилди,
Сен айыплайсаң.
Жаратқан Ийениң қулларының
мийрасы – усы,

Мен оларды ақлайман,
– дейди Жаратқан Ийе».

### Жаратқан Ийениң шақырығы

55 1 «Шөллегенлердиң
ҳәммеси, суў көзлерине
килиңлер!
Ақшасы жоқлар да келип, аўқат
алып жеңлер!
Келиңлер, шарап ҳәм сүт
алыңлар,
Бийпул, ешейин!
2 Не ушын ақшаңызды нан
болмаған нәрсеге,
Мийнетиңизди өзлериңизди
қанықтырмайтуғын
нәрсеге сарплайсызлар?
Мени қунт пенен тыңлап,
жақсы нәрсени жеңлер,
Жаныңыз тойымлы
аўқатлардан ләззет алсын!
3 Қулақ түриңлер ҳәм Маған
келиңлер,
Тыңлаңлар, сонда жасайсыз.
Даўытқа болған садық
сүйиспеншилигим ҳақы,
Сизлер менен мәңгилик
келисим дүзбекшимен.
4 Мине, Мен оны халықларға гүўа,
Көсем ҳәм сәрдар қылдым.
5 Сен танымаған халықларды
шақырасаң,
Сени танымаған халықлар
саған келиўге асығады.
Себеби Израилдың Мухаддеси,
Қудайың Жаратқан Ийе болған
Мен,
Сени уллылыққа бөлегенмен».

6 Табыўға пурсат барда,
Жаратқан Ийени излең,
Жақын жерде екен, Оны
шақырың.
7 Залым өз жолынан,
Жаўыз адам өз нийетинен
қайтсын.
Жаратқан Ийеге жүз бурсын,
Жаратқан Ийе реҳим етер,
Қудайымызға қайтсын,
Оның кеширими шексиз!
8 «Мениң пикирлерим
сизлердикинен өзгеше,
Мениң жолым сизлердикинен
басқа,
– дейди Жаратқан Ийе. –
9 Аспан жерден қанша жоқары
болса,
Мениң жолларым да
сизлердикинен сонша
жоқары,
Мениң ой-пикирлерим де
сизлердикинен жүдә бийик.
10 Аспаннан жаўған жаўын менен
қар, аспанға қайтпайды.
Ал жерди суўғарып, өсимлик
көгертип өсиреди,
Егиў ушын дән, жеў ушын нан
береди.
11 Мениң аўзымнан шыққан сөз
де соған уқсайды:
Ол орынланбай, Маған
қайтпайды.
Ол Мениң еркимди орынлайды,
Неге жиберген болсам, сол
әмелге асады».

12 Сонлықтан сизлер қуўаныш
пенен шығасызлар,
Парахатшылық пенен
жетеленесизлер.
Таўлар ҳәм төбешиклер
алдыңызда қосық айтып,
Даладағы барлық ағашлар қол
шаппатлайды.
13 Тикенли пута орнына сәрўи
ағашы,

Тикенектиң орнына мирта
ағашы өседи.
Бул Жаратқан Ийениң даңқын
асыратуғын,
Сөнбейтуғын мәңги белги
болады.

## Жаратқан Ийениң пүткил миллетлерди қабыл етиўи

56 1 Жаратқан Ийе былай
дейди:
«Әдалатты сақлаң, туўры
болған ислерди ислең,
Себеби тез арада Мениң
қутқарыўым келип,
Азат қылыўым аян болады.
2 Мынаны ислейтуғын адам,
Оны муқыят орынлайтуғын
адам баласы, қандай
бахытлы!
Бундай адам Шаббат күнине
әмел қылады, оны
хорламайды,
Қолын жаўыз ислерден тыяды.

3 Жаратқан Ийеге бағышланған
жат жерлилердиң хеш бири:
„Жаратқан Ийе мени Өз
халқынан биротала
айырып таслайды“, –
демесин.
Хеш бир ақта да: „Мен тек бир
қуўрап қалған терекпен“, –
деп айтпасын».
4 Себеби Жаратқан Ийе былай
дейди:
«Шаббатыма әмел қылыўшы,
Маған унаған нәрселерди
таңлаўшы,
Келисимиме садық болған
ақталарға,
5 Ибадатханамда,
дийўалларымның ишинде,
Улларым менен қызларымнан
да гөре жақсырақ,
Естелик белги ҳәм ат беремен.
Мен оларға жоғалмайтуғын,
мәңгилик бир ат беремен.

6 Жаратқан Ийеге хызмет етиў,
Оның атын сүйиў,
Оның қулы болыў ушын,
Жаратқан Ийеге өзин
бағышлаған жат
жерлилерди,
Шаббат күнине әмел қылып,
оны хорламағанларды,
Келисимимди беккем
сақлағанларды,
7 Мухаддес таўыма алып келемен.
Дуўа ететуғын Үйимде оларды
қуўанышқа бөлеймен.
Олардың жандырылатуғын
қурбанлықлары ҳәм басқа
қурбанлықлары,
Қурбанлық орнымда қабыл
етиледи.
Мениң Үйим ҳәмме халықлар
ушын,
Дуўа ететуғын үй деп аталады».

8 Израилдың қуўғын
болғанларын жыйнап
алатуғын,
Қудай Ийе былай дейди:
«Мен жыйнағанларыма қоса,
Басқаларды да жыйнайман».

## Израилдың жаўыз басшыларының ҳүким қылыныўы

9 Ҳәй, даладағы жабайы
ҳайўанлар,
Ҳәй, тоғайдағы жабайы
ҳайўанлар,
Келип, жеңлер!

10 Израилдың гүзетшилери соқыр,
Олардың ҳәммеси надан,
Барлығы үрмейтуғын тилсиз
ийтлер,
Олар жатып алып, түс көреди,
Уйқыны жақсы көреди.
11 Олар тойғанын билмейтуғын
ашкөз ийтлер.
Ақылсыз шопанлардың ҳәр бири,
Өз пайдасын гөзлеп,
Өз жолынан кетеди.
12 Олар: «Келиң, шарап ишейик!
Өткир ишимликке тояйық!
Ертең де бүгингидей болады,
Ҳәтте, буннан да жақсырақ
болар», – дейди.

**Опасыз халық**

# 57

1 Әдил адам өлип кетип
атыр,
Бирақ ҳеш ким буны жүрекке
жақын алмайды.
Садық адамлар жоқ болып
кетип атыр,
Себебин ҳеш ким түсинбейди.
Әдил адам жаўызлықтан
қутылып,
2 Тыныш жерге киреди.
Туўры жолдан жүргенлер өз
қәбиринде тыныға ды.

3 «Сизлер болсаңыз, ҳәй,
палкерлердиң балалары,
Неке ҳадаллығын бузыўшы ҳәм
бузықлардың урпақлары,
Берман келиң!
4 Сизлер кимниң үстинен күлип
турсыз?
Кимди мазақлап,
Кимге тилиңизди шығарып
турсыз?
Сизлер қозғалаңшылардың
балалары,
Жалғаншылардың зүряды
емессиз бе?
5 Сизлер кийели теребинфлердиң
арасында,
Ҳәр бир қойыў жапырақлы
терек астында,
Қуштарлық отында өртендиңиз.
Сайларда ҳәм жартастың
қуўысларында,
Балаларыңызды қурбанлыққа
усындыңыз.
6 Сениң пайың – дәрьяның
сыйпақ таслары
арасындағы бутлар,
Несийбең – солар болады.
Оларға ишимлик садақаларын
қуйдың,
Ғәлле садақасын бердиң.
Булардан кейин де, сени
жазасыз қалдырайын ба?
7 Бийик ҳәм уллы таў үстине
төсегиңди салып,
Қурбанлық бериў ушын сол
жерге шықтың.
8 Қапы ҳәм жақлаўыңның арғы
жағына,
Өз бутларыңның мүсинлерин
қойдың.
Мени таслап кетип,
жалаңашланып, төсегиңе
кирдиң.
Төсегиңди кең жайдың.
Ким менен төсекте жақсы болса,
Соның менен питим дүздиң.
Олардың жалаңаш денесине
тигилип қалдың.
9 Хош ийисли май алып, Молохқа
бардың,
Әтирлериңди көбейттиң.
Елшилериңди узақларға
жолладың,
Ҳәтте, өлилер мәканына
жибердиң.

10 Узақ сапар сени талықтырды,
Бирақ сонда да үмитиңди
үзбедиң.
Күшиңди қайта тикледиң,
Сол себепли ҳалдан таймадың.

11 Мени алдап, есиңнен
шығаратуғындай,
Жүрегиңнен Маған орын
бермейтуғындай,
Кимнен айбынып, кимнен
қорқтың?
Узақ ўақыт үндемегеним
себепли,
Меннен қорқпайсаң ба?
12 Жалған әдиллигиңди,
ислериңди әшкара
қыламан,
Булардан саған пайда
болмайды.
13 Пәрияд еткениңде,
Жыйнап қойған бутларың
қутқарсын!
Оларды самал ушырып алып
кетеди,
Үплеген жел оларды көтерип
кетеди.
Бирақ Мени паналаған адам
жерди ийелейди,
Мениң мухаддес таўымды
мийрасқа алады».

## Қудайдың жубатыўшы сөзи

14 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Топырақты тегислеп, жол
салың,
Халқымның жолындағы
бөгетлерди алып таслаң».

15 Бийик ҳәм бәлент Болған,
Мәңги жасайтуғын,
Аты Мухаддес Болған былай
дейди:
«Мен бийик, мухаддес жерде
жасайман,
Сондай болса да, руўхы
түскенлердиң руўхын
көтериў,
Езилгенлердиң жүрегин
жанландырыў ушын,
Езилгенлер ҳәм руўхы
түскенлер менен биргемен.
16 Мен адамларды бәрқулла
айыплап,
Мәңгиге ғәзепленбеймен.
Болмаса, Мен жаратқан
инсанлардың руўхы,
Жаны алдымда тура алмас еди.
17 Ҳарам пайдаға өшлиги ушын
ғәзепленип,
Мен оларды жазаладым,
Қәҳәрленип, жүзимди жасырдым.
Бирақ олар қайтыўдан бас
тартып,
Жүреги қәлеген жолдан кетти.
18 Мен олардың жолларын көрдим,
Деген менен, оларға шыпа
беремен.
Оларды жетелеп,
қайғырғанларды қайта
жубатаман.
19 Аўызларына алғыс-мақтаў
сөзлерин саламан.
Узақтағыларға да,
жақындағыларға да
тынышлық болсын!
– дейди Жаратқан Ийе. –
Мен оларды шыпалайман!
20 Бирақ жаўызлар толқынланған
теңизге уқсайды,
Ол тыныш тура алмайды,
Суўлары ылай менен
балшықты шығара береди,
21 Жаўызлар ушын тынышлық
жоқ»,
– дейди Қудайым.

## Ҳақыйқый ораза

58 1 «Даўысыңды қыспай,
қатты бақыр!
Даўысың кәрнайдың сестиндей
болып шықсын!
Халқыма қылмысларын,
Яқыптың нәсилине гүналарын
жәрияла!
2 Олар ҳәр күни Мени излер,
Жолларымды билиўден заўық
алмақшымыш!
Туўры ис ислеген,
Қудайдың көрсетпелеринен
жүз бурмаған халық киби,
Меннен әдил қарар сорайды,
Қудайға жақын болыўды әрман
етеди.
3 Олар: „Бизлер ораза туттық,
Сен неге көрмедиң?
Өзимизди бойсындырдық,
Неге итибар бермедиң?“ –
дейди.

Мине, сизлер ораза тутқан
күнинизиздиң өзинде,
Қәлегениңизди қылып,
Жумысшыларыңызды езесиз.
4 Мине, ораза тутып атырып даў-
жәнжел қыласыз,
Зорлық пенен муш көтересиз.
Бүгингидей ораза менен,
Даўысыңызды жоқарыға
еситтире алмайсыз.
5 Мен қәлеген ораза,
Адам өзин бойсындырған күн
усындай бола ма?
Қамыс киби басыңызды ийип,
Аза кийимин кийип, күлге
жатыўды,
Ораза, яғный Жаратқан Ийеге
унайтуғын күн деп атайсыз
ба?
6 Мен қәлеген ораза,
Әдалатсызлық шынжырларын
шешиў,
Мойынтырық жиплерин үзиў,
Езилгенлерди азат етиў,
Ҳәр қандай мойынтырықты
сындырыў емес пе?
7 Наныңды аш пенен бөлисип жеп,
Үйсиз жарлыларға үйиңнен
орын бериў емес пе?
Жалаңашты көргенде кийим
берип,
Жақынларыңнан жәрдемиңди
аямаў емес пе?
8 Сонда нурың шуғла киби
жарқырап,
Тез шыпа табасаң.
Әдиллигиң алдында жүрип,
Жаратқан Ийениң салтанаты
изиңде қорғаның болады.
9 Кейин шақырсаң, Жаратқан
Ийе жуўап береди,
Пәрияд етсең, Ол: „Мен
мындаман“, – дейди.

Араңыздан мойынтырықты
алып таслап,
Бармақ шошайтып көрсетиўди
ҳәм өсекти тоқтатсаң,
10 Ашлар ушын жаныңды пидә
етсең,
Қыйналғанларды мүтәж заты
менен тәмийинлесең,
Онда қараңғылықта нурың
сәўле шашып,
Тас түнегиң түски ўақыттай
болады.
11 Жаратқан Ийе сени бәркулла
жетеклейди,
Қурғақ жерде де керегиң менен
тәмийинлейди.
Сүйегиңе қуўат береди.
Сен суўғарылған бағ киби,

Суўы қурымайтуғын булақ
киби боласаң.
12 Ески қарабақаналарың қайта
тикленеди,
Көп урпақлардан қалған,
Қарабақаналардың тийкарын
қайта тиклейсең.
Сен: „Қыйраған дийўалларды
оңлайтуғын,
Жасаў ушын көшелерди қайта
тиклейтуғын“, – деп
аталасаң.

13 Шаббат күнин аяқ асты
қылыўдан,
Мухаддес күнимде қәлегениңди
қылыўдан сақлансаң,
Шаббат күнимди заўықлы,
Жаратқан Ийениң мухаддес
күнин ҳүрметли деп атасаң,
Өзиңе унағанын ислеп,
Кейпи-сапаны излемесең,
Бос сөзлерди сөйлемесең,
Сол күнди ҳүрметлесең,
14 Сонда Жаратқан Ийеден заўық
аласаң.
Мен сени дүньяның
бәлентликлерине шығарып,
Әкең Яқыптың мийрасын саған
беремен».
Буны Жаратқан Ийе айтады.

### Гүна ҳәм жаза

**59** 1 Билип қойың, Жаратқан
Ийениң қолы қутқара ал-
майтуғындай қысқа емес,
Қулағы да еситпейтуғындай,
аўыр емес.
2 Деген менен, қылмысларыңыз
Қудайыңыз бенен
араңызға суўықлық салды,
Гүналарыңыз Оның жүзин
сизлерден жасырды,
Сонлықтан Ол сизлерди
еситпейди.
3 Қолларыңыз қан менен,
Бармақларыңыз қылмыс пенен
ҳарамланды.
Аўзыңыз жалған айтып,
Тилиңиз өтирик сөзлер
сөйлейди.
4 Ҳеш ким әдилликке
шақырмайды,
Ҳеш ким ҳадал даўласпайды.
Өзлериниң бос сөзлерине
сүйенип, жалған сөйлейди,
Бузғынлыққа ҳәмиледар болып,
жаўызлық туўады.
5 Олар уўлы жыланның мәйегин
қурық басады,
Өрмекшиниң аўын тоқыйды.
Олардың мәйегин жеген өледи,
Сынған мәйектен зәҳәрли
жылан шығады.
6 Аў тоқыған менен ҳеш нәрсеге
ериспейди,
Дүзген жобалары пайдасыз.
Олардың ислери жарамас
ислер,
Қоллары зорлық қылады.
7 Аяқлары жаманлыққа
жуўырады,
Бийгүна қан төгиўге асығады.
Ойлары жаўызлыққа толы,
Талан-тараж ҳәм қырғын бар
жолларында.
8 Сол жоллардан жүретуғынлар,
Тынышлықтың не екенин
билмейди.
Әдалат жоқ жолларында,
Өзлерине қыйсық жоллар
иследи,
Тынышлықтың не екенин
билмейтуғынлар,
Сол жоллардан жүреди.

### Халықтың өз гүналарын мойынлаўы

9 Сонлықтан әдалат бизден
узақта,
Әдиллик бизге жетип келмеди.
Нурды күтемиз, бирақ тек
қараңғылық бар,
Жақтылық излеймиз, бирақ
түнекте жүремиз.
10 Соқырдың дийўалды
сыйпалағанына уқсап,
Көзли киби қармаланамыз,
Күпә-күндиз ымырт
жабылғандай сүрнигемиз,
Күшлилер арасында өлидеймиз.
11 Ҳәммемиз айыўлар киби
бақырамыз,
Кептерлер киби шырылдаймыз.
Әдалатты күттик, бирақ ол жоқ,
Қутқарылыўды күттик, бирақ
ол бизден алыста.
12 Алдында қылмысларымыз көп,
Гүналарымыз бизге қарсы
гүўалық бермекте.
Қылмысларымыз көз
алдымызда,
Айыпларымызды өзимиз
билемиз.
13 Бойсынбай, Жаратқан Ийени
тәрк еттик,
Қудайымыздан жүз бурдық,
Зулымлық пенен сөйледик, бас
көтердик,
Жүрегимиз ҳәмиледар болған
жалғанды сөйледик.
14 Әдалат қуўылды, әдиллик
узақта қалды.
Ҳақыйқат қала майданында
қулады,
Ҳадаллық арамызға кире
алмайды.
15 Ҳеш жерде ҳақыйқат жоқ,
Зулымлықтан бас тартқан
таланады.

### Жаратқан Ийе халқын қутқармақшы

Жаратқан Ийе буны көрип,
Әдалаттың жоқлығына қапа
болды.
16 Жаратқан Ийе ҳеш кимниң
жоқлығын көрди,
Араласатуғын ҳеш кимниң
жоқлығына ҳайран қалды.
Өз қолы Оны жеңиске
еристирди,
Әдиллиги Оған сүйениш болды.
17 Ол әдилликти саўыт киби
кийди,
Қутқарылыў дуўлығасын
басына кийди.
Өш алыўды Ол кийим киби
кийип алып,
Ғәзепти шапан киби жамылды.
18 Ол ҳәр кимге исине жараса жаза
береди.
Душпанларына қәҳәрин төгип,
Жаўларына жазасын тартқызады.
Ҳәтте, шетки атаўларға да
есесин қайтарады.

19 Батыстағылар Жаратқан
Ийениң атынан,
Шығыстағылар Оның
даңқынан қорқады.
Себеби Жаратқан Ийе Өз деми
менен қуўған,
Тасқын суўдай болып келеди.

20 «Мен Әмеңгери сыпатында
Сионға,
Яқыптың урпақларының тәўбе
қылғанларына келемен»,
– дейди Жаратқан Ийе.

21 «Мениң олар менен дүзету-
ғын келисимим мынаў, – дейди
Жаратқан Ийе. – Саған берген
Руўхым ҳәм аўзыңа салған сөзим
бүгиннен баслап сениң де, бала-
ларыңның да, балаларыңның ба-
лаларының да, – дейди Жаратқан
Ийе, – мәңгиге аўзынан түспейди».

## Ерусалимниң салтанатлы келешеги

60 1 «Тур, жарқыра, сениң
нурың келди,
Жаратқан Ийениң салтанаты
үстиңе шашылды.
2 Мине, жер жүзин қараңғылық,
Халықларды тас түнек қаплады.
Бирақ сениң үстиңде Жаратқан
Ийе жарқырап,
Оның уллылығы көринеди.
3 Миллетлер сениң нурыңа,
Патшалар таң нурыңның
шуғласына келеди.

4 Басыңды көтерип, айланаға
қара,
Ҳәммеси жыйналып, саған
киятыр.
Улларың узақлардан келеди,
Қызларыңды қолларында
көтерип әкеледи.
5 Сонда оларды көрип, жүзиң
жарқырап,
Шадлықтан жүрегиң ҳәўлиреди.
Себеби теңиз арқалы
келетуғын байлықлар
саған несип етип,
Халықлардың байлықлары
саған келеди.
6 Түйе кәрўаны жериңди қаплап
кетип,
Мидян ҳәм Эфадан келген жас
түйелер кәрўанына toласаң.
Олардың ҳәммеси Шебадан
келеди,
Алтын ҳәм хош ийисли затлар
алып келип,
Жаратқан Ийеге алғыслар
айтады.
7 Кедардың барлық сүриўлери
сенде жыйналады,
Небайоттың қошқарлары саған
хызмет етип,
Олар қурбанлық орнымда
қурбанлыққа қабыл
етиледи,
Мен салтанатлы Үйимди
даңққа бөлеймен.

8 Бултқа уқсап, уясына киятырған
кептерге уқсап,
Ушып киятырған мыналар
кимлер?
9 Атаўлар мени күтеди.
Қудайың Жаратқан Ийе,
Израилдың Мухаддеси
ҳүрмети,
Үлкен саўда кемелери
бириншилерден болып,
Улларыңды алыслардан,
Гүмис ҳәм алтыны менен бирге
алып келеди.
Себеби Жаратқан Ийе сени
даңққа бөледи.
10 Жат жерлилер дийўалларыңды
қурады,
Патшалары саған хызмет етеди.
Ғәзеплгенимде, сени
жазалаған болсам да,
Мийримим түскенде, рехим
етемен.
11 Дәрўазаларың мудамы ашық
болып,
Олар күни-түни жабылмайды.
Миллетлер өз патшалары
менен сүргин қылынып,

Байлықларын саған алып келе
береди.
12 Саған хызмет етпеген миллет
ҳәм патшалық жоқ болады,
Бундай халықлар пүткиллей
ўайран қылынады.

13 Мухаддес Үйимди безеў ушын,
Лебанонның сәнли ағашлары:
Сәрўи, шынар ҳәм қарағай
ағашлары саған алып
келинеди.
Мен аяқ басқан жеримди
салтанатлы қыламан.
14 Саған жәбир қылғанлардың
балалары келип,
Саған тәжим етеди.
Сени кемситкенлердиң
ҳәммеси аяғыңа
жығылады.
Сени Жаратқан Ийениң қаласы,
Израилдың Мухаддесиниң
Сионы деп атайды.

15 Тәрк етилип, жек көринишли
болдың,
Сен арқалы ҳеш ким өтпеди.
Бирақ Мен сени мәңгиге уллы
қылып,
Әўладтан-әўладқа шадлыққа
бөлеймен.
16 Миллетлер сени ана киби
емизер,
Патшалар саған көкирек сүтин
берер.
Сонда сен Мениң Жаратқан
Ийе – Қутқарыўшың,
Әмеңгериң, Яқыптың Күшли
Қудайы екенимди билесең.
17 Саған қола орнына алтын,
Темир орнына гүмис,
Ағаш орнына қола,
Тас орнына темир беремен.
Парахатшылықты ҳәкимиң,
Әдилликти ҳүкимдарың
қыламан.
18 Жериңде буннан былай зорлық-
зомбылық,
Шегараң ишинде қырғын
ҳәм ўайраншылық
еситилмейди.
Дийўалларыңды „Қутқарылыў“,
Дәрўазаларыңды „Алғыс“ деп
атайсаң.

19 Саған күндиз қуяш нуры,
Түнде ай сәўлеси ҳәжет
болмайды.
Өйткени Жаратқан Ийе сениң
мәңги нурың болады,
Қудайың сениң уллылығың
болады.
20 Буннан былай, қуяшың батпас,
Айыңның да сәўлеси өшпес.
Өйткени Жаратқан Ийе сениң
мәңги нурың болады,
Қайғылы күнлериң тамам
болады.
21 Пүткил халқың әдил болып,
Жерди мәңги ийелейди.
Уллылығымды аян қылыў ушын,
Мен оларды ектим, олар
Мениң қолларымның иси.
22 Олардың ең азы – мың адамға,
Ең кишкенеси – күшли
миллетке айланады.
Мен – Жаратқан Ийемен.
Өз ўақтында, буны тез әмелге
асыраман».

## Жаратқан Ийениң мийримлилик жылы

**61** 1 Қудай Ийениң Рууҳы ме-
ниң үстимде.
Ол мени жарлыларға хош хабар
жәриялаў ушын майлады.

Мени жаралы жүреклерди
емлеўге,
Тутқынлардың азатлыққа,
Қамақтағылардың еркинликке
шығатуғынын,
2 Жаратқан Ийениң
мийримлилик жылын,
Құдайымыздың өш алатуғын
күнин жәриялаўға,
Барлық қайғыға батқанларға
жубаныш бериўге,
3 Сионда қайғы басқанларға
ғамхорлық қылыўға,
Күл орнына сәнли таж,
Қайғы орнына шадлық майын,
Ғамлы руўх орнына алғыс
тонын бериўге жиберди.
Олар Жаратқан Ийениң
даңқын көрсетиў ушын
егилген,
Әдиллик теребинфлери деп
аталады.
4 Олар әййемги қарабақаналарды
қайта қурып,
Ески қыйраған орынларды
қайта тиклейди.
Әўладтан-әўладқа ўайран
болып,
Қыйрап қалған қалаларды абат
қылады.

5 Жат жерлилер сизлердиң
сүриўлериңизди бағып,
Шет еллилер дийхан ҳәм
бағманыңыз болады.
6 Сизлер болса, Жаратқан
Ийениң руўханийлери,
Құдайымыздың хызметшилери
деп аталасыз.
Сизлер миллетлердиң
байлығынан ләззет алып,
Олардан алған қазналарға
мақтанасыз.
7 Бурын уятқа қалғаныңыз ушын
есесин аласыз,
Хорлық орнына алған
жер үлесиңиз ушын
шадланасыз.
Өз жериңизден еки есе үлес
аласыз,
Мәңгилик қуўаныш сизлердики
болады.

8 «Мен, Жаратқан Ийе әдалатты
сүйемен,
Таланшылық ҳәм наҳақлықты
жек көремен.
Садықлық пенен ылайықлы
сыйын берип,
Олар менен мәңгилик келисим
дүземен.
9 Олардың әўладлары миллетлер
арасында,
Урпақлары халықлар арасында
танымалы болады,
Оларды көргенлердиң ҳәр бири,
Жаратқан Ийе жарылқаған
халық екенин аңлайды».

10 Мен Жаратқан Ийеде
шадланаман,
Жаным Құдайымда йошланар.
Өйткени Ол маған қутқарылыў
кийимин кийгизди.
Маған әдиллик шапанын жапты.
Мен таж кийген күйеўге,
Безениў буйымларын таққан
келинге уқсайман.
11 Топырақтың өсимликти
шығарғаны киби,
Бағдың егилген нәрселерди
өсиргени сыяқлы,
Құдай Ийе де әдиллик ҳәм
алғысты,
Пүткил миллетлердиң көз
алдында өсирди.

## Сионның таза аты

62 1 Әдиллиги нур киби,
Қутқарылыўы шом киби
парлап жанбағанша,
Сион ҳақы үндемей қалмайман,
Ерусалим ҳақы тыныш
турмайман.
2 Миллетлер әдиллигиңди,
Барлық патшалар
уллылығыңды көреди.
Сен Жаратқан Ийе Өз аўзы
менен қоятуғын,
Таза ат пенен аталасаң.
3 Сен Жаратқан Ийениң
қолындағы гөззаллық
гүлтажы,
Қудайыңның қолындағы
патшалық тажы боласаң.

4 Енди саған «Тәрк етилген», деп
айтпас,
Жериңди «Қаңырап қалған»,
деп атамас.
Бирақ саған «Сүйиклим»,
Жериңе «Келиншегим»,
делинеди.
Себеби Жаратқан Ийе сени
сүйеди,
Жериң де хожалықлы болады.
5 Жигиттиң қызға үйленгениндей,
Улларың да саған ийелик етеди.
Күйеўдиң келин ушын
қуўанғаны сыяқлы,
Қудайың да сен ушын қуўанады.

6 Ҳәй Ерусалим, дийўалларыңа
гүзетшилер қойдым,
Олар күни-түни үнсиз қалмас.
Ҳәй, Жаратқан Ийени еске
алыўшылар,
Өзлериңизге тынышлық
бермең.
7 Ерусалимди беккемлеп,
Оны жер жүзиниң даңқы
қылмағанша,
Жаратқан Ийеге тынышлық
бермең.

8 Жаратқан Ийе оң қолы,
Қудиретли қолы менен ант ишти:
«Енди ғәллеңди душпанларыңа
азық ушын бермеймен,
Жат еллилер мийнетиң сиңген
шарабыңнан ишпейди.
9 Зүрәәтин жыйнағанлар жеп,
Жаратқан Ийеге алғыс айтады,
Жүзимин жыйнағанлар,
Мухаддес ҳәўлилеримде
шарабын ишеди».

10 Келиңлер, келиңлер,
дәрўазалардан шығыңлар!
Қайтып киятырған халыққа
жол таярлаңлар.
Бийик етип жол салыңлар!
Тасларды алып таслаңлар!
Халықлар ушын байрақ
тигиңлер!
11 Жаратқан Ийе жердиң төрт
тәрепине жәриялады:
«Қыз Сионға былай деп
айтыңлар:
„Мине, Қутқарыўшың киятыр!
Оның сыйы жанында, инамы
алдында!“»
12 Турғынларың «Жаратқан
Ийе қутқарған мухаддес
халық», деп аталады.
Өзиң «Қудай излеп тапқан,
тәрк етилмеген қала», деп
аталасаң.

## Жаратқан Ийениң қудирети

63 1 – Эдомнан киятырған,
Қырмызы кийим кийип,

Босрадан киятырған бул
ким?
Сәнли кийимлер кийип,
Уллы күш пенен қәдем басқан
бул ким?

– Әдиллик пенен сөйлейтуғын,
Қутқарыўға күшим жететуғын
бул Менмен.

2 – Искенжеде жүзим сығып
атырған адамдики киби,
Кийимиң не ушын қып-қызыл?

3 – Мен жалғыз өзим искенжеде
жүзим сықтым,
Жанымда халықлардан ҳеш
бири болмады.
Мен оларды ашыў менен
басқылап,
Ғәзеп пенен жеништим.
Олардың қаны кийимлериме
шашырап,
Пүткил үсти-басымды
ыласлады.
4 Мен халқымды қутқаратуғын
жыл,
Душпанларынан өш алатуғын
күним келди деп
уйғардым.
5 Мен нәзер салдым, көмекши
жоқ еди,
Сүйениш болатуғын ҳеш
кимниң жоқлығына
ҳайран қалдым.
Сонда Өз қолым Маған жеңис
сыйлады,
Өз ғәзебим Мени қоллады.
6 Қәҳәрленип, халықларды аяққа
бастым,
Ғәзебим менен оларды мәс
қылып,
Қанын жерге төктим.

## Мийрим сорап дуўа етиў

7 Жаратқан Ийениң
сүйиспеншилигин,
Оның алғысқа ылайықлы
ислерин,
Бизлерге көрсеткен барлық
жақсылықларын,
Уллы сүйиспеншилиги ҳәм
мийрим-шәпәәти менен,
Израил урпақларына көрсеткен
уллы мийримин еске
аламан.
8 Жаратқан Ийе: «Ҳақыйқатында, олар
Мениң халқым,
Алдамайтуғын балаларым», –
деп,
Олардың Қутқарыўшысы болды.
9 Олар азап шеккенде, Ол
қосылып қыйналды,
Оннан келген периште оларды
азат етти.
Оларды Ол сүйиспеншилиги
ҳәм мийрими менен
қутқарды.
Әзелден оларды қолына
көтерип келди.

10 Бирақ олар бас көтерип,
Оның Мухаддес Руўхын қапа
қылды.
Кейин Ол олардың душпанына
айланып,
Олар менен Өзи урысты.
11 Сонда Оның халқы әййемги
күнлерин,
Оның қулы Муўсаның
күнлерин еследи:
«Оларды Өз сүриўиниң
шопанлары менен бирге,
Теңизден өткерген қайда?
Оларға Мухаддес Руўхын
берген қайда?

12 Уллы қолын Муўсаның оң
қолына берген,
Өзиниң атын мәңги даңққа
еристириў ушын,
Олардың алдындағы суўды
екиге айырған қайда?
13 Халқын теңиз түбинен алып
өткен қайда?»
Қуў далада шапқылаған ат
киби,
Сүрникпестен өткен еди олар.
14 Отлы ойпатлыққа түсип атырған
пада киби,
Олар Жаратқан Ийениң
Руўхынан рәҳәтленди.
Өз атыңды даңққа еристириў
ушын,
Өз халқыңды усылай жетеклеп
жүрдиң.

15 Жаратқан Ийе, көклерден қарап,
Өзиңниң мухаддес ҳәм даңқлы
орныңнан нәзер сал!
Сениң қызғанышың ҳәм күшиң
қайда?
Жанашырлығың ҳәм
мийриминди бизден
жырақ туттың.
16 Сен бизлердиң Әкемизсең!
Ибрайым бизлерди тән алмаса
да,
Израил бизлерди қабыл алмаса
да,
Жаратқан Ийе, Сен бизлердиң
Әкемизсең,
Әзелден атың «Әмеңгеримиз»
болды.
17 Жаратқан Ийе, не ушын Сен
бизлерди Өз жолыңнан
узақластырып,
Өзиңнен қорқпаўымыз
ушын, жүреклеримизди
қаталластырдың?
Өз қулларың ҳақы,
Мийрасың болған урпақлар
ҳақы изге қайта гөр!
18 Сениң халқың аз ўақыт мухаддес
орныңды ийелик етти,
Бирақ душпанларымыз
Ибадатхананды аяқ асты
қылды.
19 Бизлер Сен ҳеш қашан
ҳүкимдарлық қылмаған,
Сениң атың менен аталмаған,
Халыққа уқсап қалдық.

# 64

1 Жаратқан Ийе, көклерди
жарып, төменге түскениң-
де еди!
Алдыңда таўлар титиресер еди!
2 Атыңды душпанларға таныт.
Жалынның отынды жандырып,
суўды қайнатқанындай,
Миллетлерди алдыңда қалтырат!
3 Бизлер күтпеген таң қаларлық
ислерди ислегениңде,
Жерге түстиң, алдыңда таўлар
титиреди!
4 Өзинен үмит еткенлер ушын,
Сондай ислерди ислеген
жалғыз Қудай Сенсең.
Сеннен басқа қудайды әзелден
қулақ та еситпеген, көз де
көрмеген.
5 Туўры ислерди шадлық пенен
ислеп,
Сениң жолларыңды ядында
тутқанларды қарсы аласаң.
Бирақ бизлер гүна иследик,
Сен ғәзеплендиң.
Бизлер әзелден гүнаға
батқанбыз,
Енди қалай бизлер қутқарыла
аламыз?
6 Ҳәммемиз ҳарам адамдай
болдық,

Туўры ислеримиз де
патасланған кийимге
уқсайды.
Ҳәммемиз жапырақ киби
солып атырмыз,
Гүналарымыз бизди самалдай
ушырып әкетип баратыр.
7 Сениң атыңды айтып
шақырған,
Саған өзин толық бағышлаған
ҳеш ким жоқ.
Сонлықтан Сен бизлерден
жүзиңди жасырып,
Бизлерди гүналарымыз
ҳүкимине тапсырдың.
8 Сонда да, Жаратқан Ийе, Сен
бизлердиң Әкемизсең!
Бизлер ылай, Сен –
гүлалшымызсаң.
Ҳәммемиз Сениң қолыңнан
шыққанбыз.
9 Жаратқан Ийе, бизге қатты
ғәзепленбе,
Қылмысларымызды бәрқулла
ядта сақлама.
Бизге нәзер сала гөр,
жалбарынаман,
Ҳәммемиз Сениң халқыңбыз.
10 Мухаддес қалаларың шөлге
айланды,
Ҳәтте, Сион да шөлге айланды,
Ерусалим қаңырап босап қалды.
11 Мухаддес ҳәм даңқлы
Ибадатханамыз,
Ата-бабаларымыз Саған мақтаў
айтқан орын,
Өртеп жиберилди.
Биз қәдирлеген нәрселер,
Ўайран болды.
12 Жаратқан Ийе, сонда да,
Өзиңди тутып тура бересең бе?
Үндемей, бизлерге шексиз азап
бере бересең бе?

## Ҳүким ҳәм қутқарыў

65 1 «Мен сорамағанларға
Өзимди аян еттим,
Излемегенлер Мени тапты,
Атымды айтып шақырмаған
миллетке:
„Мен мындаман, Мен
мындаман“, – дедим.
2 Өз қәлеўлерине ерип,
Надурыс жолдан жүрген,
Қайсар бир халыққа,
Күни бойы қушағымды ашып
турдым.
3 Ол халық бағларда бутларға
қурбанлық берип,
Гербиштиң үстинде түтетки
түтетип,
Жүзиме тик қарап турып,
Үзликсиз ғәзебимди келтиреди.
4 Олар қәбирлер арасында отырып,
Түнди сырлы жерлерде
өткереди.
Шошқа гөшин жеп,
Қазанларында ҳарам гөш
қайнатады.
5 Олар: „Ары тур, маған
жақынлама,
Мен сен ушын жүдә
мухаддеспен“, – дейди.
Олар мурныма ашшы түтиндей
болып,
Күни бойы пысқып жанып
турған отқа мегзейди.

6 Мине, алдымда былай деп
жазылған:
Мен үндемей қалмайман,
Исине жараса қайтараман,
сөзсиз қайтараман.
7 Оларды өзлериниң ҳәм ата-
бабаларының гүналары
ушын жазалайман,

– дейди Жаратқан Ийе. –
Олар таўларда түтетки түтетти,
Төбешиклерде Мени
ақыретледи.
Олардың ислеген ислерин
өлшеп, есесин
қайтараман».

8 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Жүзим солқымында еле шире
бар гезде,
Биреў: „Оны заялама, берекет
сонда ғой“, – дейди.
Мен де қулларым ҳаққы солай
ислеймен,
Ҳәммесин қырып тасламайман.
9 Мен Яқыптан жаңа әўлад,
Яҳудадан таўларымның
мийрасхорларын
өрбитемен.
Таңлағанларым оларды мийрас
етип,
Қулларым сол жерде жасайды.
10 Мени излеген халық ушын,
Шарон сүриўлерине жайлаў,
Ахор ойпатлығы малларына
тынығатуғын орын болады.

11 Бирақ сизлер, Жаратқан Ийени
тәрк еткенлер,
Мухаддес таўымды умытқанлар,
Табыс деген қудайға дастурхан
жайғанлар,
Тәғдир деген бутқа толтырып
шарап қуйып бергенлер,
12 Мен сизлердиң тәғдириңизге
қылышты жазаман.
Ҳәммеңиз қылыштан
қырыласыз.
Себеби шақырғанымда, жуўап
бермедиңиз,
Сөйлегенимде, қулақ
салмадыңыз.
Мениң нәзеримде жаўыз
болған ислерди ислеп,
Маған унамаған нәрселерди
таңлап иследиңиз».

13 Сол себепли Қудай Ийе былай
дейди:
«Мине, қулларым жейди,
сизлер аш қаласыз.
Мине, қулларым ишеди, сизлер
шөллейсиз.
Мине, қулларым шадланады,
Сизлер болсаңыз шерменде
боласыз.
14 Мине, қулларымның жүреги
шадланып, қосық айтады,
Сизлер жүрек дәртинен дад
салып,
Руўхый азап пенен пәрияд
етесиз.
15 Мениң таңлап алғанларым
ушын,
Атыңызды ғарғыс сыпатында
қалдырасыз.
Қудай Ийе сизлерди өлимге
ҳүким етип,
Өз қулларына басқа ат береди.
16 Елде пәтия берген ҳәр бир адам,
Ҳақыйқат Қудайының аты
менен пәтия береди,
Елде ант ишкен ҳәр бир адам,
Ҳақыйқат Қудайы ҳаққы ант
ишеди.
Бурынғы қапашылық
умытылып,
Қайтып көзиме түспейтуғын
болады».

### Жаңа аспан ҳәм жаңа жер

17 «Мине, Мен жаңа аспан ҳәм
жаңа жер жаратаман.
Бурынғылар енди ядқа
алынбас, ойға да келмес.

18 Жаратқанларыма мәңгиге
қуўанып, шадланың.
Өйткени Мен Ерусалимди
шадлық ушын,
Халқын қуўанышқа толтырыў
ушын жаратаман.
19 Өзим де Ерусалим ушын
қуўанып,
Халқым ушын шадланаман.
Енди ол жерде жылаған да, дад
салған да сес еситилмес.
20 Енди онда нәрестелер қаза
таппас,
Узақ өмир сүрмеген ғарры да
болмас.
Жүз жаста өлген жас саналар,
Жүз жасқа жетпей өлген ғарғыс
урған есапланар.
21 Олар үйлер қурып, онда жасар,
Жүзимзарлар отырғызып,
мийўесин жер.
22 Енди олар қурған үйде, басқалар
жасамас,
Енди олар отырғызған нәлдиң
мийўесин басқалар жемес.
Халқымның өмири тереклердиң
өмириндей узақ болар,
Таңлап алғанларым өз
мийнетиниң жемисинен
ләззет алар.
23 Олар бийҳудаға мийнет етпес,
Апат ушын бала туўмас.
Олардың өзлери де, урпақлары
да,
Жаратқан Ийе жарылқаған
халық болар.
24 Мени шақырмастан-ақ, оларға
жуўап беремен,
Айтпай атырып, еситемен.
25 Қасқыр ҳәм қозы бирге отлар,
Арыслан өгиз сыяқлы от жер,
Ал жылан ушын топырақ азық
болар.
Мениң мухаддес таўымның
барлық жеринде,
Ҳеш кимге зыян келтирилмес,
Ҳеш ким жоқ қылынбас»,
– дейди Жаратқан Ийе.

### Ҳүким ҳәм үмит

66 1 Жаратқан Ийе былай
дейди:
«Көклер – Мениң тахтым,
Жер – Мениң аяқ басарым!
Сонда Маған қандай үй
қурмақшысыз?
Мениң дем алатуғын орным
қай жерде болады?
2 Ҳәммеси Мениң қолым менен
жаратылған,
Ҳәммеси Меники,
– дейди Жаратқан Ийе. –

Сонда да Мен кишипейилге,
руўхый езилгенге,
Сөзимнен қалтырайтуғынға
нәзер саламан.
3 Буғаны қурбанлыққа шалған
адам,
Солай ислеп турып, адамды да
қурбанлыққа береди,
Тоқлыны қурбанлыққа шалған
адам,
Солай ислеп турып, ийттиң де
мойнын үзеди,
Ғәлле садақасын берген адам,
Солай ислеп турып, шошқа
қанын да усынады,
Хош ийисли түтетки түтеткен
адам,
Солай ислеп турып, бутқа да
сыйынады.
Олар өз жолларын өзлери
таңлап алды,
Жексурын ислеринен ләззет
алады.

4 Мен де олар ушын қатал жаза
таңлайман,
Өзлери қорққан нәрсесин
басына саламан.
Өйткени Мен шақырғанда, ҳеш
ким жуўап бермеди,
Мен сөйлегенде, ҳеш ким
тыңламады.
Олар Мениң нәзеримде жаўыз
болған ислерди ислеп,
Маған ләззет
бағышламайтуғын
нәрселерди таңлап алды».

5 Жаратқан Ийениң сөзинен
қалтырайтуғынлар,
Оның сөзине қулақ салың:
«Сизлерди жек көретуғын,
Мениң атым себепли
қуўдалайтуғын
туўысқанларыңыз:
„Жаратқан Ийе уллылансын,
Биз де сизиң қуўанышыңызды
көрейик!“, – дейди.
Бирақ олардың өзлери уятқа
қалады».

6 Мине, қаладан шаўқым
еситиледи.
Ибадатханадан даўыс
еситиледи.
Душпанларына исине
ылайықлы жаза берип
атырған,
Жаратқан Ийениң даўысы бул!

7 Ҳаял толғатпай-ақ, босанып,
Қыйналмай-ақ, ул туўды.
8 Усындайды еситкен бар ма?
Усындайды көрген бар ма?
Ел бир күнде туўыла ма?
Миллет бир мәўритте дүньяға
келе ме?
Бирақ Сион толғата
баслағаннан-ақ,
Улларын туўып алады.
9 Туўыў ўақтына дейин әкелип,
Туўдырмай қояман ба?
– дейди Жаратқан Ийе. –
Туўыўға күш берип болып,
Қурсақты бекитип қояман ба?
– дейди Қудайың.

10 Ерусалим менен бирге
шадланың,
Оны сүйгенлердиң ҳәммеси ол
ушын қуўаның,
Ол ушын аза тутқанлар,
Оның менен бирге шадланып,
қуўанышқа бөлениң.
11 Оның жубаныш бериўши
емшеклерин емип, тоясыз,
Қанып ишип, оның мол
дәўлетинен ләззет аласыз.

12 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Мине, Мен Сионға
абаданшылықты дәрьядай,
Миллетлердиң байлығын
толып аққан сайдай етип
ағызаман.
Ол сизлерди емизип,
қолларына көтерип,
Аяғына шайқайды.
13 Ана баласын жубатқандай, Мен
сизлерди жубатаман.
Сизлер Ерусалимде жубаныш
табасыз».

14 Буны көргенде, жүрегиңиз
қуўанышқа толып,
Денеңиз майса шөп киби
гүллеп өседи.
Жаратқан Ийениң қолы Өз
қулларының үстинде екени
аян болады,

Ал Оның ғәзеби болса,
душпанларына жаўады.
15 Қараң, Жаратқан Ийе от
ишинде киятыр,
Оның саўаш арбалары
қуйындай,
Күшли ғәзебин қәҳәр менен,
Ашыўын лаўлаған жалындай
төгежақ.
16 Жаратқан Ийе пүткил
адамзатты,
От ҳәм қылыш пенен ҳүким
қылады.
Жаратқан Ийе тәрепинен
өлтирилетуғынлар көп
болады.

17 «Өзлерин пәклеп ҳәм тазалап,
басшыларына ерип бутлардың бағ-
ларына киргенлер, шошқа, тышқан
ҳәм сол сыяқлы ҳарам нәрселер-
диң гөшин жегенлер жоқ етиле-
ди, – дейди Жаратқан Ийе.
18 Мен олардың ислерин де, ни-
йетлерин де билемен.

Пүткил миллетлерди ҳәм бар-
лық тиллерди бир жерге жыйнаў
ушын Мен келемен. Олар келип,
уллылығымды көреди. 19 Мен олар-
дың арасында бир белги көрсетип,
аман қалғанларының айырымла-
рын миллетлерге хызмет етиўге
жиберемен. Олар Таршишке, Пул-
ға, садақшылардың ели болған
Лудқа, Тубалға, Яўанға, Мен туў-
ралы еситпеген ҳәм уллылығым-
ды көрмеген алыстағы атаўларға
барып, уллылығымды миллетлер-
ге жәриялайды. 20 Израил улла-
рының ғәлле садақаларын ҳадал
ыдысларда Жаратқан Ийениң Үйи-
не алып келгени сыяқлы, олар да
барлық миллетлер арасынан ту-
ўысқанларыңыздың ҳәммесин топ-
лап, атларға, ҳәр қыйлы арбаларға,
ғашырларға ҳәм түйелерге минги-
зип, – дейди Жаратқан Ийе, – Ме-
ниң мухаддес таўыма, Ерусалимге,
Жаратқан Ийеге сый ретинде алып
келеди. 21 Олардың айырымларын
руўханий ҳәм айырымларын лебий-
ли хызметкер етип тайынлайман, –
дейди Жаратқан Ийе.
22 Мен жарататуғын жаңа ас-
пан ҳәм жаңа жер алдымда қанша
турса, – дейди Жаратқан Ийе, –
сизлердиң нәсиллериңиз бенен
атыңыз да сонша турады. 23 Жа-
ңа айдан Жаңа айға, Шаббаттан
Шаббатқа пүткил адамлар алдыма
келип, Маған сыйынады, – дейди
Жаратқан Ийе. 24 Сыртқа шық-
қанда, Маған қарсы бас көтер-
генлердиң өли денелерин көреди.
Олардың денелерин жеп атырған
қуртлар өлмес, оларды жаққан от
сөнбес. Пүткил адамзат олардан
жеркенеди».

# Еремия пайғамбардың китабы

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Еремия бүлгиншилик дәўирде жасаған пайғамбар. Бабилония патшалығы Яҳудаға ҳүжим етип, оны басып алады. Яҳуда халқы азатлықты қолдан берип, Бабилонияның колониясына айланады. Еремия пайғамбар бул ўақыяларға гүўа болады. Сефания, Хабаққуқ, Даниел ҳәм Езекиел пайғамбарлар Еремияның заманласлары еди.

Еремия жас ўақтынан баслап, Яҳуда халқына Қудайдың сөзин жеткизе баслайды. Оның хызмети б. э. ш. 586-жылға дейин, яғный Бабилония Яҳуда елин басып алып, Ерусалимди ўайран қылғанға дейин даўам етеди. Кейин болса, Мысырға қашып баратырған адамлар Еремияны мәжбүрлеп өзлери менен алып кетеди. Еремия Мысырда да өз халқына Қудайдың сөзин жеткизиўди даўам етеди.

Еремияның пайғамбаршылық сөзлериниң көбисинде, олардың жазылған сәнеси көрсетилген. Бирақ бул пайғамбаршылықлар хронологик тәризде емес, ал темалар бойынша жайластырылған.

Еремия өжет ҳәм гүнаға батқан Яҳуда халқын үзликсиз ескертип, Қудайдың оларды жазалайтуғынын айтып, Қудайға қайтыўды өтинеди. Пайғамбар халықты бабилониялыларға тәслим болыўға шақырады. Сол себепли Еремияның душпанлары оны сатқынға шығарады. Олар Еремияны зинданға таслайды, ҳәтте, өлтирмекши де болады. Сондай болса да, ол халқының бойсынбаўшылығына ҳәм аянышлы тәғдирине қатты қайғырады. Сол себепли ол «жылап атырған пайғамбар» деп те аталады.

Еремия Яҳуда халқына: «Сизлер Жаратқан Ийе менен дүзилген келисимди буздыңыз, жалғыз Оған хызмет қылмай, бутқа табыныўшылыққа берилип кеттиңиз», – деп көп ескертеди. Усы қылмыслары ушын, Яҳуда халқы Қудайдың ғәзебине ушырап, Бабилония халқына тәслим болатуғынын, кейин Бабилонияға сүргин етилетуғынын алдын ала аян қылады. Ал 31:31-34, 32:36-40 аятларда болса, ўақты келип Қудай таңлаған халқын өз елине қайтарып алып келетуғынын ҳәм олар менен жаңа келисим дүзетуғынын айтады.

1 1 Булар Бенямин жериндеги
Анатот қаласында жасайтуғын
руўханийлердиң бири Хилкия улы
Еремияның сөзлери. 2 Яҳуда пат-
шасы Амон улы Иошияның ҳүким-
дарлығының он үшинши жылында
Еремияға Жаратқан Ийеден сөз түс-
ти. 3 Еремияға Жаратқан Ийениң
сөзиниң түсиўи Яҳуда патшасы Ио-
шияның улы Еҳоякинниң дәўиринен,
Яҳуда патшасы Иошия улы Седекия-
ның патшалығының он биринши жы-
лының бесинши айына дейин, яғный
Ерусалим халқының сүргин етип
алып кетилиўине дейин даўам етти.

### Еремияның шақырылыўы

4 Маған Жаратқан Ийеден мына-
дай сөз түсти:

5 – Мен сени жатырда пайда
етпесимнен алдын
таныдым,
Қурсақтан шықпасыңнан
алдын сени таңладым.
Сени миллетлер ушын пайғамбар
етип тайынладым.

6 Сонда мен:
– Ҳаў, Қудай Ийе! Мен қалай сөй-
леўди билмеймен, жүдә жаспан, –
дедим.
7 Бирақ Жаратқан Ийе маған бы-
лай деди:
– «Мен жаспан», – деме. Сени
кимге жиберсем, ҳәммесине ба-
расаң, не буйырсам, соны айтасаң.
8 Олардан қорқпа, сениң менен бир-
ге болып, сени қутқараман, – деди
Жаратқан Ийе.
9 Кейин Жаратқан Ийе қолын
созып, аўзыма тийгизди де маған
былай деди:
– Мине, сөзлеримди аўзыңа сал-
дым. 10 Қара, суўырып таслаў, қы-
рыў, жоқ қылыў, жер менен жексен
қылыў ушын, сондай-ақ қурыў,
беккемлеў ушын, бүгин Мен сени
миллетлер ҳәм патшалықлар үс-
тинен қойдым.
11 Маған Жаратқан Ийеден сөз
түсти. Ол:
– Еремия, сен нени көрип турсаң? –
деди.
– Бадам ағашының шақасын көрип
турман, – деп жуўап бердим мен.
12 – Туўры көрдиң, – деди Жаратқан
Ийе маған. – Себеби Мен ҳәр бир
сөзимниң орынланыўын бақлап
тураман.
13 Маған және Жаратқан Ийеден
сөз түсти. Ол:
– Нени көрип турсаң? – деди.
– Арқа тәрептен жүзи бир тәреп-
ке қыйсайып қайнап турған қа-
занды көрип турман, – деп жуўап
бердим мен.
14 Сонда Жаратқан Ийе маған
былай деди:
– Бул жердиң барлық турғынла-
рына арқа тәрептен апатшылық
келеди. 15 Мен арқадағы патша-
лықлардың барлық қәўимлерин
шақыраман, – деди Жаратқан Ийе.

– Олардың патшалары келип,
Өз тахтларын Ерусалим
дәрўазаларының кирер
аўзына,
Оны қоршап турған
дийўаллардың,
Яҳуданың пүткил қалаларының
алдына қояды.
16 Халқымның Меннен жүз бурып,
Ислеген барлық
жаўызлықлары ушын,

Басқа қудайларға түтетки
түтетип,
Өз қоллары менен ислеген
нәрселерине табынғаны
ушын,
Мен оларға қарсы Өз
ҳүкимимди жәриялайман.

17 Сен болсаң, белиңди беккем
буў. Барып, Мениң саған буйыр-
ғанларымның ҳәммесин оларға айт.
Олардан қорқпа, болмаса Мен се-
ни олардың алдында қорқыўға са-
ламан. 18 Бүгин Мен сени пүткил
елге – Яҳуда патшаларына, оның
хызметкерлерине, руўханийлери-
не ҳәм сол жердиң халқына қарсы
беккем қала, темир сүтин ҳәм қо-
ла дийўал қылдым. 19 Олар саған
қарсы урысады, бирақ жеңе алмай-
ды. Себеби сени қутқарыў ушын
Мен сениң менен биргемен, – деди
Жаратқан Ийе.

### Израилдың Қудайдан узақласыўы

**2** 1 Жаратқан Ийеден маған сөз
түсти:
2 – Барып, мыналарды Ерусалим
халқына еситтирип жәрияла:

«Жаратқан Ийе былай дейди:
Сениң жаслығыңда қандай
опадар болғаның,
Келиншек ўақтындағы
сүйиспеншилигиң,
Шөлде, егин еге алмайтуғын
жерде,
Изиме ергениң ядымда.
3 Израил Жаратқан Ийе ушын
мухаддес халық,
Оның жемисиниң биринши
мийўеси.
Оннан жегенлердиң барлығы
жазықлы болып,
Басларына апат жаўды, – дейди
Жаратқан Ийе.

4 Яқыптың халқы, Израил
халқының барлық
тийрелери,
Жаратқан Ийениң сөзин
тыңлаң!
5 Жаратқан Ийе былай дейди:
Меннен узақласатуғындай,
Ата-бабаларыңыз Меннен не
жаманлық көрди?
Жарамсыз бутларға табынып,
Өзлери де түкке турғысыз
болды.
6 Олар: „Бизлерди Мысырдан
алып шыққан,
Шөл далада, қумлы ҳәм
шуқырлары бар жерлерде,
Суўсыз ҳәм қараңғы жерде,
Ҳеш ким өте алмайтуғын ҳәм
ҳеш ким жасамайтуғын
жерде,
Бизге жол көрсеткен Жаратқан
Ийе қай жерде?“ – деп
сорамады.
7 Мийўесинен ҳәм
жақсылығынан татсын деп,
Мен сизлерди өнимдар бир
жерге алып келген едим.
Бирақ ол жерге кирип,
ийелигимди ҳарамладыңыз,
Мүлкимди жеркенишли орынға
айландырдыңыз.
8 Руўханийлер: „Жаратқан Ийе
қайда?“ – деп сорамады.
Қазылар Мени танымады,
Халық басшылары Маған
қарсы бас көтерди.
Пайғамбарлар Баалдың атынан
пайғамбаршылық қылып,

Пайдасыз нәрселердиң изинен
қуўды.

9 Сонлықтан Мен сизлер менен
жәнe даўласаман,
– дейди Жаратқан Ийе. –
Мен сизлердиң балаларыңыздың
балалары менен де
даўласаман.
10 Киттим жағалаўларына барып
көриң,
Кедарға адам жоллап, дыққат
пенен көзден өткериң.
Төмендегидей ўақыя қашан
болса да, жүз берген бе
екен?
11 Ҳәтте, олардың қудайлары
Қудай болмаса да,
Өз қудайларынан ўаз кешкен
миллет бар ма?
Бирақ Мениң халқым өзиниң
даңқлы Қудайын,
Пайдасыз нәрсеге алмастырды.
12 Ҳәй, көклер, буған таңланып,
Қорқыўдан титиреў,
– дейди Жаратқан Ийе. –
13 Мениң халқым еки жаманлық
иследи:
Мени, тири суў булағын тәрк
етти,
Өзлерине суў турмайтуғын,
бузық суў сақлағышларды
қазып алды.

14 Израил қул ма?
Ямаса қул болып туўылған ба?
Онда неге ол олжа болды?
15 Күшли арысланлар оған
ақырып, даўысын көтерди.
Жерин шөлистанға
айландырды.
Қаласы қарабақанаға айланып,
адамсыз қалды.
16 Ноф ҳәм Тахпанхес халқы да,
Еңбегиңизди ойып таслады.
17 Өзиңе жол көрсеткен Қудайың,
Жаратқан Ийени тәрк еткениң
ушын,
Бул басыңа түспеди ме?
18 Енди неге Мысырға баратырсаң,
Шихордың суўынан ишиў
ушын ба?
Ассирияға не ушын баратырсаң,
Евфрат суўынан ишиў ушын ба?
19 Сизлерди өз жаманлығыңыз
жазалап,
Опасызлығыңыз гиналайды.
Қудайыңыз Жаратқан Ийени
тәрк етиўдиң,
Меннен қорқпаўдың сизлер
ушын қандай жаман ҳәм
ашшы екенин,
Көрип, билиң, – дейди Ийе,
Әлемниң Жаратқан Ийеси.

20 Сен узақ ўақыт алдын
мойынтырығыңды бузып,
Кисенлериңди үзип:
„Саған хызмет етпеймен“, –
дедиң.
Сен ҳәр бир бийик төбешикте,
Ҳәр бир қойыў жапырақлы
теректиң астында,
Дизе бүгип бузықшылық
қылдың.
21 Мен сени ҳасыл тұқымнан,
Сайланды жүзим ағашынан
еккен едим.
Бирақ сен неге айнып қалып,
Жабайы жүзим ағашына
айландың?
22 Енди көп силти суўы менен
жуўып,
Сабын менен тазаласаң да,
Сениң айыпдарлығыңның
тамғасы алдымда турады,

– дейди Қудай Ийе. –
23 Сен қалайынша: „Мен ҳарам емеспен,
Бааллларға да ермедим“, – деп айтасаң?
Ойпатлықта қылған қылығыңа[a] қарап,
Не ислегенинди ойлап көр.
Сен өзин ол жақтан бул жаққа урған,
Урғашы түйеге уқсайсаң.
24 Сен шөлге үйренген,
Қуштарлығың қозғанда, самалға пысқырған қулансаң.
Күйге келгенде, оны ким тоқтата алады?
Шағылысқысы келгенлер изинен қуўып шаршамайды,
Күйге келген айында, оны таўып алады.
25 Аяғыңды жалаңаяқ жуўырыўдан,
Тамағыңды шөллеўден сақла.
Бирақ сен: „Үмит етпе, мен жат қудайларды сүйемен,
Оның изине еремен“, – дедиң.
26 Уры қолға түскенде, шерменде болғанындай,
Израил халқы, оның патшалары, басшылары,
Руўханийлери, пайғамбарлары масқара болады.
27 Олар терекке: „Мениң әкемсең“,
Тасқа: „Сен мени туўдың“, – дейди.
Олар Маған жүзин емес, ал арқасын қаратты.
Бирақ басларына апат түскенде:
„Келип, бизлерди қутқар“, – дейди.
28 Сениң өзиң ушын ислеп алған қудайларың қайда?
Апатқа ушырағаныңда,
Сени қутқара алатуғын болса, келсин.
Яҳуда, қалаларыңның саны қанша болса,
Қудайларыңның саны да сонша.
29 Неге Маған даўа қыласыз?
Ҳәммеңиз Маған қарсы бас көтердиңиз,
– дейди Жаратқан Ийе. –
30 Халқыңды қатал жазаладым,
Бирақ олар тәрбиямды алмады.
Қылышыңыз жыртқыш арыслан киби,
Пайғамбарларыңызды қырып таслады.

31 Сизлер, бул дәўир урпақлары,
Жаратқан Ийениң сөзине қулақ түриң:
Мен Израил ушын бир шөл,
Қара түнек бир жер ме едим?
Сонда не ушын халқым:
„Бизлер еркинбиз,
Енди жаныңа қайтып бармаймыз“, – дейди.
32 Қыз бала тағыншақларын,
Келиншек келин кийимин естен шығара ма?
Ал Мениң халқым Мени умытты,
Сан-санақсыз күнлер өтти.
33 Ойнас табыўға қаншелли устасаң,
Ҳәтте, бузық ҳаялға да жолларыңнан үйренетуғын нәрсе бар.

---

a **2:23** 7:31-32; 19:1-6; 32:35.

34 Етегиң де бийгүна пақырдың
қанына былғанған,
Оны сен урлық үстинде
усламаған болсаң да,
Буларға қарамастан:
35 „Мен айыпсызбан,
Жаратқан Ийениң маған деген
қәҳәри анық сөнди“, –
дейсең.
Бирақ: „Мен гүнасызбан“, –
дегениң ушын,
Үстиңнен ҳүким шығараман.
36 Неге тез-тез жолыңды өзгерте
бересең?
Ассирияда уятқа қалғаның
сыяқлы,
Мысырда да уятқа қаласаң.
37 Ол жерден де қолың менен
бетиңди жаўып шығасаң.
Себеби Жаратқан Ийе сен
үмит еткенлерден жүз
бурды,
Енди олар арқалы табысқа
ерисе алмайсаң».

## Опасыз Израил

3 1 «Егер биреў ҳаялы менен
ажырасса,
Ҳаял кетип, басқа биреўге
турмысқа шықса,
Биринши күйеўи оны қайта
ҳаяллыққа алар ма еди?
Бул арқалы жер пүткиллей
ҳарамланбай ма?[a]
Сен көплер менен ойнаслық
қылдың,
Енди Маған қайтып
келмекшимисең?
– дейди Жаратқан Ийе. –
2 Көз жиберип, тақыр төбелерге
нәзер сал,
Сен бузықшылық қылмаған
орын қалып па?
Шөлдеги қарақшы сыяқлы,
Жол шетинде отырып,
ойнасларыңды аңлыдың.
Бузықшылығың ҳәм жаўыз
ислериң менен,
Жерди ҳарамладың.
3 Сонлықтан жаўын жаўмады,
Бәҳәрдеги нөсер де қуймады.
Сен намыссыз жезөкшеге
уқсадың,
Уяттың не екенин билмедиң.
4 Енди болса: „Әке, жаслығымнан
Сен мениң достым едиң,
5 Қәҳәриң мәңгиге даўам ете бере
ме?“ – дейсең.
Усылай айта тура,
Қолыңнан келген
жаманлықларды ислей
бересең».

## Яҳуданың Израилға ериўи

6 Иошия патшаның дәўиринде
Жаратқан Ийе маған былай деди:
– Сен опасыз Израилдың ислеген
ислерин көрдиң бе? Ол ҳәр бир би-
йик төбешикте ҳәм ҳәр бир қойыў
жапырақлы теректиң астында бу-
зықшылық қылды. 7 Буларды ис-
леп болғаннан кейин, ол маған бет
бурар деп ойлаған едим. Бирақ ол
қайтпады, буны бийопа сиңлиси
Яҳуда да көрди. 8 Ислеген барлық
бузықшылығы ушын, Мен опасыз
Израилға талақ хат берип, қуўып
жибергенимде де, оның бийопа
сиңлиси Яҳуда буннан қорқпастан,
бузықшылық ислегенин көрдим.
9 Бузықшылық Израил ушын ҳеш
нәрсе еместей болып көринди, ол

---

a **3:1** Нзм 24:1-4.

тас ҳәм ағашлар менен бузғынлық
ислеп, жерди ҳарамлады. 10 Булар-
дың ҳәммесине қарамастан, Из-
раилдың бийопа сиңлиси Яҳуда
шын жүректен емес, ал жалған-
нан Маған қайтып келди, – дейди
Жаратқан Ийе.
11 Жаратқан Ийе маған былай
деди:
– Опасыз Израил бийопа Яҳуда-
дан әдилирек болып шықты. 12 Ба-
рып, бул сөзлерди арқаға жәрияла:
«Опасыз Израил, Маған қайт! –
дейди Жаратқан Ийе. – Мен мий-
римлимен, енди саған ғәзебимди
шашпайман, – дейди Жаратқан
Ийе. – Мәңгиге қәҳәрленип жүр-
меймен. 13 Тек айыбыңды мойын-
ла: Сен Қудайың Жаратқан Ийеге
қарсы бас көтердиң, ҳәр бир қо-
йыў жапырақлы теректиң астын-
да басқа қудайларға кеўил бердиң.
Мениң даўысыма қулақ аспадың, –
дейди Жаратқан Ийе.
14 Ҳәй бийопа халық, Маған
қайт! – дейди Жаратқан Ийе. – Се-
беби Мен сениң хожайыныңман.
Мен сизлерди қаладан биреўден,
урыўдан екеўден алып шығарып,
Сионға алып бараман. 15 Сизлер-
ге Өз кеўлимдегидей шопанларды
беремен. Олар сизлерди билим ҳәм
түсиник пенен бағады. 16 Сизлер
бул жерде өсип-өнип, сан-санақсыз
болғаныңызда, – дейди Жаратқан
Ийе, – халық Жаратқан Ийениң
Келисим сандығы туўралы айт-
пайтуғын болады. Ол туўралы енди
ойламайды, еске де алмайды, оны
күсемейди, және қайтадан оны соқ-
пайды. 17 Сол ўақытта Ерусалим
Жаратқан Ийениң тахты деп ата-
лады ҳәм Жаратқан Ийениң аты
ҳүрмети пүткил миллетлер Еруса-
лимге жыйналады. Буннан былай,
олар жаўыз жүреклериниң қыңыр-
лығын қылмайды. 18 Сол күнлерде
Яҳуда халқы менен Израил халқы
биригип, арқадағы жерлерден шы-
ғып, Мен ата-бабаларына мүлик
етип берген жерге келеди.

19 Мен сизлерди де балаларым
қылып алып,
Әжайып бир жерди,
Барлық миллетлердиң гөззал
мийрасларын бермекши
едим.
Сизлер Мени „Әкем“ дейсиз,
Меннен ҳеш жүз бурмайсыз,
деп ойлаған едим.
20 Бирақ ҳаялдың күйеўине
опасызлық қылғаны
сыяқлы,
Израил халқы, сизлер де Маған
опасызлық қылдыңыз!
– дейди Жаратқан Ийе.

21 Жалаңаш төбелерден бир
даўыс еситиледи,
Бул Израил халқының аҳыў-
наласы менен пәрияды.
Өйткени олар жолдан шықты,
Қудайы Жаратқан Ийени
умытты.

22 Ҳәй, бийопа перзентлер, кери
қайтыңлар,
Мен сизлерди опасызлықтан
емлеймен.

Халық былай дейди:
„Мине, Саған қайтып
киятырмыз,
Себеби Қудайымыз Жаратқан
Ийе Сенсең.

23 Ырасында да, төбелерде
табынып,
Таўларда салған шаўқым-
сүренлер жалған.
Ҳақыйқатында, Қудайымыз
Жаратқан Ийе Израилды
қутқарады.
24 Жаслығымыздан ата-
бабаларымыздың мүлки
болған,
Майда ҳәм ири малларын,
Ул ҳәм қызларын жеркенишли
бут жалмап жутты.
25 Келиңлер, шерменделигимизди
бүркенип,
Масқарашылықты жамылып
алайық.
Себеби Қудайымыз Жаратқан
Ийеге қарсы гүна ислеп
келдик,
Ата-бабаларымыз да, бизлер де,
Жаслығымыздан усы күнге
дейин,
Қудайымыз Жаратқан
Ийениң даўысына қулақ
салмадық.“»

4 1 «Ҳәй, Израил! Егер қайтпақ-
шы болсаң,
– дейди Жаратқан Ийе, –
Егер Маған қайтпақшы болсаң,
Жеркенишли бутларыңды
Мениң көзимнен
жоғалтсаң,
Жолдан азғырылмай жүрсең,
2 Ҳақыйқат, әдалат ҳәм туўрылық
пенен:
„Тири Жаратқан Ийе ҳақы ант
ишемен“, – десең,
Онда миллетлер Мен арқалы
жарылқанып,
Мениң менен мақтанады».

3 Жаратқан Ийе Яҳуда халқына
ҳәм Ерусалим турғынларына бы-
лай дейди:

«Сүрилмеген жериңизди сүриң,
Тикенлер арасына туқым сеппең.
4 Яҳуда халқы ҳәм Ерусалим
турғынлары,
Жүрегиңиздеги
жаманлықларды алып
таслап,
Маған, Жаратқан Ийеге
өзиңизди бағышлаң.
Болмаса, жаўыз ислериңиз
себепли,
Ғәзебимди от киби лаўлатаман,
Оны ҳеш ким сөндире алмас».

### Арқадан келетуғын апат

5 «Яҳудада жәриялап, Ерусалимде
жар салып, былай деңлер:
„Ел бойлап кәрнай шалың!“
Бақырып былай деп айтың:
„Жыйналып, қорғанлы
қалаларға қашайық!“
6 Сионға қашың деп, байрақ
көтериң!
Сызылмай, тезирек қашып
қутылың!
Өйткени Мен арқа тәрептен
апат,
Уллы қырғын алып келемен.

7 Арыслан ининен шықты,
Миллетлерди жоқ қылыў ушын
жолға шықты.
Жериңди ўайран етиў ушын,
Ол өз орнынан қозғалды.
Яҳуда, сениң қалаларың
қарабақанаға айланады,
Адамсыз ҳүўлеп қалады.
8 Соның ушын аза кийимин
кийип, зарлап жылаң,

Себеби Жаратқан Ийениң
лаўлаған ғәзеби бизди
шетлеп өтпеди.

9 Сол күни,
– дейди Жаратқан Ийе, –
Патшаның ҳәм
ҳәмелдарлардың
жүреклери суўлайды,
Руўханийлерди қорқыныш
бийлеп алып,
Пайғамбарлар аң-таң болады».

10 Сонда мен былай дедим:
– Ўаҳ, Қудай Ийе! «Сизлерге ты-
нышлық болады», – деп, бул ха-
лықты ҳәм Ерусалимди пүткиллей
алдадың. Қылыш алқымына тақа-
лып тур-ғо!
11 «Сол ўақытта бул халыққа ҳәм
Ерусалимге былай деп айтылады:
„Шөлдеги жалаңаш төбелерден ес-
кен ыссы самал Мениң халқым тә-
репке еспекте. Бирақ ол қырман
суўырыў яки дәнди тазалаў ушын
емес. 12 Меннен келетуғын самал
жүдә күшли болады. Олардың үс-
тинен ҳүким шығаратуғын ўақыт
келди. Буны Мен айтаман“.

13 „Әне, душпан булт киби
жақынлап киятыр,
Саўаш арбалары қуйынға
мегзер.
Атлары бүркиттен де шаққан.
Сорымыз қурысын, сорлап
қалдық!“
14 Ҳәй, Ерусалим! Жүрегиңди
жаманлықтан тазала,
қутқарыласаң.
Жаўыз нийетлериңди
қашанға дейин ишиңде
сақламақшысаң?
15 Даннан бир даўыс еситиледи,
Эфрайым таўынан апатшылық
хабары келмекте.

16 Миллетлерге жәриялап,
Ерусалимге хабарлаң:
Алыслардан басқыншылар
киятыр,
Яҳуда қалаларына қарсы
саўаш сүренин айтып
бақырмақта.
17 Олар атыздағы сақшыларға
уқсап,
Ерусалимди қоршап алады.
Себеби Ерусалим Маған қарсы
бас көтерди,
– дейди Жаратқан Ийе. –
18 Булардың ҳәммесин басыңа
салған,
Сениң жолларың ҳәм ислериң
болады.
Бул жаўызлығыңның кесапаты.
Қандай ашшы! Бул сениң
жүрегиңниң төрине жетти!»

19 Ўай, жаным! Ўай, жаным!
Азарына шыдай алмайман!
Ўаҳ, жүрегим! Жүрегим ҳәсирет
шегип атыр!
Үндемей тура алмайман,
Себеби кәрнай сестин, саўаш
шаўқымын еситтим.
20 Апатшылық изинен апатшылық
келди,
Пүткил журт ўас-ўайран болды.
Көзди ашып-жумғанша,
шатырларым,
Бир демде перделерим
жыртылып кетти.
21 Қашанға дейин, мен саўаш
байрақларын көрип,
Кәрнай сеслерин есите
беремен?

22 «Мениң халқым ақмақ,
Олар Мени танымайды.
Олар надан балалар, оларда
түсиник жоқ.
Олар жаманлық қылыўға шебер,
Жақсылық қылыўды билмейди».

23 Мен, Еремия жерге қарадым,
Ол бос ҳәм түссиз еди.
Аспанға қарадым, онда нур жоқ
еди.
24 Таўларға қарадым, олар
қалтырасар,
Пүткил төбелер тербелип турар
еди.
25 Қарадым, ўаҳ, ҳеш ким жоқ,
Көктеги барлық қуслар ушып
кеткен еди.
26 Қарадым, Жаратқан Ийениң
алдында,
Өнимдар топырақ шөлге
айланып,
Пүткил қалалар ўайран болған
еди.
Буған Оның лаўлаған ғәзеби
себепши еди.

27 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Мен бул жерди пүткиллей жоқ
қылмасам да,
Оның ҳәммеси қаңырап, босап
қалады.
28 Сонлықтан жер аза тутып, аспан
түнереди.
Мен айттым, Мен қарар
қылдым,
Өкинбеймен, пикиримнен
қайтпайман.

29 Барлық қала халқы,
Атлылардың ҳәм
садақшылардың
шаўқымынан қашады.
Кимиси қалың путаларға
тығылады,
Кимиси жартасларға
өрмелейди.
Ҳәмме қалалар қаңырап
қалады,
Оларда жасайтуғын ҳеш ким
болмайды.

30 Ҳәй, ўайран болған сен!
Неге қырмызы кийим кийип
алдың?
Не ушын алтын тағыншақлар
тағып,
Көзлериңди бақырайтып бояп
алдың?
Бийкарға безенип алыпсаң.
Ойнасларың сени жек көреди,
Олар сениң жаныңды алмақшы.

31 Мен толғатып атырған
ҳаялдың бақырған
даўысына,
Биринши баласын туўып
атырған ҳаялдың,
Ыңқылдысына уқсаған
даўысты еситип турман.
Мен қыз Сионның ентиккен
даўысын еситип турман.
Ол қолларын созып былай
демекте:
„Сорым қурысын!
Жанымды алмақшы болғанлар
алдында димарым
қурыды“».

## Ерусалимниң гүнасы

5 1 «Ерусалим көшелерин ай-
ланың,
Әтирапына қарап, аңлаң,
Қала майданларынан излең.
Егер әдалатлы ҳәм ҳақыйқатты
излеген бир адам тапсаңыз,

Онда Мен бул қаланың
гүнасынан өтемен.
2 Олар: „Тири Жаратқан Ийе ҳақы
ант ишемиз“, – десе де,
Негизинде, ишкен анты жалған».

3 Жаратқан Ийе, Сениң нәзериң
ҳақыйқатқа тигилген емес
пе?
Оларды урдың, бирақ олар
азарын сезбеди,
Оларды жоқ қылмақшы
болдың, бирақ сабақ
алыўдан бас тартты.
Олар бетлерин жартастан да
қатты қылып,
Изге қайтыўды қәлемеди.
4 Мен ишимнен: «Бул адамлар
ғәрип ҳәм ақылсыз,
Олар Жаратқан Ийениң жолын,
Өз Қудайының Нызамын
билмейди.
5 Енди мен абырайлы адамларға
барып,
Олар менен сөйлесемен.
Олар Жаратқан Ийениң жолын,
Өз Қудайының Нызамын
биледи», – деп ойладым.
Бирақ олардың ҳәммеси
де Қудайының
мойынтырығын
сындырып,
Кисенлерин үзип таслаған екен.
6 Сонлықтан тоғайдан шыққан
арыслан оларды
тилкимлеп,
Шөлдеги қасқыр оларды ғажып
таслайды.
Қаплан қалалары жанында
буққыда жатып,
Қаладан шыққан ҳәр бир
адамды тилким-тилким
қылады.
Себеби олардың қылмысы
үлкен,
Опасызлығы сансыз.

7 «Сени қалай кеширемен?
Балаларың Мени таслап кетип,
Қудай болмаған бутлар ҳақы
ант ишти.
Мен оларды тойдырдым.
Олар болса, қыянет етип,
Топланысып, бузықлардың
үйлерине кетти.
8 Олар күйге келген айғырлар
киби,
Ҳәр бири қоңсысының ҳаялына
киснейди.
9 Булар ушын Мен оларды сөзсиз
жазаламайман ба?
– дейди Жаратқан Ийе. –
Усындай бир миллеттен өш
алмайын ба?

10 Жүзимзарларына кирип,
оларды ўайран қылың,
Бирақ пүткиллей жоқ қылмаң.
Жүзим шақаларының
керексизлерин жулып
таслаң,
Енди олар Маған, Жаратқан
Ийеге тийисли емес.
11 Израил ҳәм Яҳуда халықлары,
Маған пүткиллей қыянет етти», –
дейди Жаратқан Ийе.

12 Халық Жаратқан Ийе ҳаққында
жалған сөйлеп, былай
дейди:
«Ол ҳеш нәрсе қылмайды,
Басымызға апатшылық
түспейди,
Бизлер қылыш та, ашлық та
көрмеймиз.
13 Пайғамбарлар самалға мегзер,

Оларда Жаратқан Ийениң сөзи
жоқ.
Айтқанлары олардың
өзлериниң басына түссин».

14 Сонлықтан Әлемниң Қудайы
Жаратқан Ийе былай дейди:
«Халық бул сөзлерди айтқаны
ушын,
Өз сөзлеримди сениң аўзыңда
жалындай қыламан.
Бул халықты отын қыламан,
От оларды жандырып жоқ
қылады.
15 Ҳәй, Израил халқы,
– дейди Жаратқан Ийе, –
Сизлердиң үстиңизге,
Узақ жерден бир миллетти
алып келемен.
Ол күшли ҳәм әййемги халық
болып,
Сол адамлардың тилин сен
билмейсең,
Сөзине де түсинбейсең.
16 Олардың оқ жайлары ашық
қәбирге мегзер,
Адамларының ҳәммеси батыр
жаўынгерлер.
17 Олар сениң зүрәәтиңди ҳәм
наныңды жеп таслап,
Ул-қызларыңызды жалмап
жутады.
Майда ҳәм ири малларыңызды,
Жүзим ҳәм әнжирлериңизди
жейди.
Сизлер исенген қорғанлы
қалаларыңызды,
Қылыш пенен ўайран қылады.

18 Ҳәтте, сол күнлери де, – дейди
Жаратқан Ийе, – сизлерди пүткил-
лей жоқ қылмайман. 19 Халық сен-
нен: „Неге Қудайымыз Жаратқан
Ийе бизлерге бул нәрселерди ис-
леди?“ – деп сораса, оларға былай
деп жуўап бер: „Сизлер Оны тәрк
етип, өз жериңизде басқа қудайлар-
ға хызмет еттиңиз. Енди сизлер өз-
лериңизге тийисли болмаған жерде
басқаларға солай хызмет етесиз“.

20 Яқыптың халқына жар салып,
Яҳудада жәриялаң:
21 Ҳәй, көзи болса да, көрмеген,
Қулағы болса да, еситпеген,
Надан ҳәм бийпарасат халық,
Қулақ салың!
22 Меннен қорқпайсыз ба?
– дейди Жаратқан Ийе. –
Мениң алдымда
қалтырамайсыз ба?
Мен қумды теңизге шегара,
Мәңги өтип болмайтуғын бөгет
қылдым.
Толқынлар тасса да, үстине
шыға алмайды,
Шуўласа да, оннан асып кете
алмайды.
23 Бирақ бул халық өжет ҳәм
қозғалаңшы.
Олар азғырылып, өз жолына
қайтып кетти.
24 Олар жүрегине түйип:
„Гүзги ҳәм бәҳәрги жаўынды өз
ўақтында жаўдыратуғын,
Жыйын-терим ушын
белгиленген ҳәптени
сақлап келген,
Қудайымыз Жаратқан Ийеден
қорқайық“, – демейди.
25 Айыпларыңыз сизлерди усы
жақсы нәрселерден
узақластырды,
Гүналарыңыз берекеттен
маҳрум етти.

26 Халқымның арасында жаўыз
адамлар бар,
Олар қус аўлағандай буққыда
жатып,
Дузақ қурып, адамларды
тутады.
27 Тордың қусқа толғанындай,
Олардың үйлери де жалғанға
толы.
Сонлықтан олар күшейип,
байыды,
28 Семирип, жылтырады.
Олардың жаўыз ислериниң
шегарасы жоқ.
Жетимниң даўа-арзын
әдалатлы қарамайды,
Исти оның пайдасына
шешпейди,
Жарлының ҳуқықын да
қорғамайды.
29 Булар ушын Мен оны
жазаламайын ба?
– дейди Жаратқан Ийе. –
Бундай миллеттен өш алмайын
ба?

30 Сол жерде қорқынышлы ҳәм таң
қаларлық нәрсе болмақта:
31 Пайғамбарлар жалған
пайғамбаршылық
қылмақта,
Руўханийлер өзлериниң қәлеўи
бойынша басқармақта.
Мениң халқыма бул унамақта.
Бирақ булардың ақыры
келгенде не қыласыз?»

## Ерусалимниң қамал қылыныўы

6 1 «Ҳәй, Бенямин халқы, жа-
ныңызды қутқарыў ушын,
Ерусалимнен қашып кетиң!
Теқоада кәрнай шалың!
Бейт-Ҳаккеремде от жағып,
белги бериң!
Арқадан апатшылық, уллы
қырғын көринбекте.
2 Сулыў ҳәм нәзик қызды,
Қыз Сионды жоқ қыламан.
3 Шопанлар сүриўи менен оған
келип,
Дөгерегине шатырларын тигеди.
Ҳәр ким үлесине тийген жерде
сүриўин жаяды.

4 „Ерусалимге қарсы урысқа
таярланың!
Турыңлар, күндиз ҳүжимге
шығайық!
Сорымыз қурысын! Күн
батыўға мейил берипти,
Кеш түсип, көлеңкелер
узайыпты.
5 Турыңлар, түнде ҳүжим жасап,
Оның қорғанларын
қыйратайық!“»

6 Әлемниң Жаратқан Ийеси
былай дейди:
«Тереклерин кесиң,
Ерусалимге минетуғын
топырақ үйиң.
Бул қала жазаланады,
Онда зорлық-зомбылықтан
басқа ҳеш нәрсе жоқ.
7 Булақтан суў шыға
бергениндей,
Бул қалада да жаўызлық солай
шыға береди.
Оннан зорлық ҳәм
зулымлықтың даўысы
еситилип тур,
Кеселлик ҳәм жараларды
көрип турман.
8 Ерусалим, ескертиўиме қулақ
сал,

Болмаса, сеннен жүз бураман.
Сени қаңыратып,
Адам жасамайтуғын жерге
айландыраман».

9 Әлемниң Жаратқан Ийеси
былай дейди:
«Жүзимниң соңғы солқымына
дейин терилгениндей,
Душпанлар Израилды аман
қалғанларынан журдай
қылады.
Сонлықтан жүзим териўши
сыяқлы,
Қолыңды иске салып шақаларды
қайта көрип шық».

10 Мен кимге айтып, кимди
қәўиптен сақлайын?
Ким маған қулақ асады?
Олардың қулақлары жабық,
еситпейди.
Жаратқан Ийениң сөзи оларға
шерменделиктей түйиледи,
Оннан рәҳәтленбейди.
11 Сол себепли мен Жаратқан
Ийениң ғәзебине толдым,
Қәҳәримди баса алмайман.

«Бул ғәзепти көшедеги
балалардың,
Жыйналып турған
жигитлердиң үстине төк.
Ол еркек ҳәм ҳаялларға жаўады,
Қартайғанлар ҳәм күни
жақынласқанлар да оннан
қутыла алмайды.
12 Олардың үйлери, атызлары ҳәм
ҳаяллары,
Басқаларға бериледи.
Себеби Мен бул жердиң
турғынларына қарсы
қолымды көтеремен,
– дейди Жаратқан Ийе. –
13 Кишкенесинен үлкенине шекем,
Ҳарам дүнья табыўға ҳәўес,
Пайғамбарларынан
руўханийлерине шекем,
Ҳәммеси ҳийле менен ис
тутады.
14 Тынышлық болмаса да:
„Тынышлық, тынышлық“, – деп,
Халқымның қәўипли жарасын
жүзеки емлейди.
15 Ислеген жеркенишли ислери
ушын олар уялды ма?
Яқ, ҳеш те уялмады,
Қызарыў не екенин де билмеди.
Сонлықтан олар да қулағанлар
менен қулайды,
Жазалағанымда, жер менен
жексен болады», – дейди
Жаратқан Ийе.

16 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Дәрбент жолларда турып,
қараң,
Әййемги соқпақлар ҳаққында
сорап,
Жақсы жолдың қай жерде
екенин үйрениң.
Оннан жүриң, жаныңыз рәҳәт
табады.
Бирақ сизлер: „Оннан
жүрмеймиз“, – дедиңиз.
17 Мен сизлердиң үстиңизден
гүзетши қойып:
„Кәрнайдың даўысына қулақ
салың“, – дедим.
Бирақ сизлер:
„Тыңламаймыз“, – дедиңиз.
18 Соның ушын, миллетлер, қулақ
салың,
Қарап турғанлар, олардың
басына нелер түсетуғынын
билиң.

19 Тыңла, жер жүзи!
Бул халықтың басына
апатшылық жаўдыраман,
Бул олардың жаман
нийетлериниң мийўеси
болады.
Олар Мениң сөзлериме қулақ
аспады,
Нызамымды қабыл етпеди.
20 Не ушын Маған Шебадан хош
ийисли түтетки,
Узақ еллерден хош ийисли
қамыс алып келинеди?
Жандырылатуғын
қурбанлықларыңызды
қабыл етпеймен,
Сизлердиң қурбанлықларыңыз
Маған унамайды».

21 Сонлықтан Жаратқан Ийе
былай дейди:
«Бул халықтың алдына
сүрнигетуғын тас қояман,
Әкелер балалары менен бирге
сүрнигип жығылады,
Қоңсылар дослары менен бирге
набыт болады».

22 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Мине, арқа тәрептен бир
халық киятыр,
Дүньяның шетинен бир уллы
миллет аяққа турмақта.
23 Олар оқ жай ҳәм семсер менен
қуралланған,
Өзлери де залым ҳәм реҳимсиз.
Атларға минип шаўқан сести,
Теңиз сыяқлы шуўылдайды.
Қыз Сион! Саған ҳүжим қылыў
ушын,
Олар бир адамдай сап тартып
турады».
24 Олар ҳаққындағы бул хабарды
еситип,
Қолларымызда дәрман
қалмады.
Толғақ тутқан ҳаял киби,
Шаншыў ҳәм азап бийлеп алды.
25 Атызларға шықпаң, жолларда
жүрмең!
Душпанның қолында қылыш
бар,
Әтирапты қорқыныш орап
алған.
26 Ҳәй, мениң халқым!
Аза кийимин кийип, күлге
отыр.
Жалғыз перзент ушын аза
тутқандай,
Ашшы-ашшы көз жас төк.
Себеби үстимизге тосаттан
набыт қылыўшы келеди.

27 «Мен сени халқым арасына,
Темирди сынағандай етип,
Халқымды сынаў ушын
қойдым.
Сен оларды бақлап, жолларына
баҳа бересең.
28 Олардың ҳәммеси
бағынбайтуғын
қозғалаңшы,
Өсекши адамлар.
Олар қола ҳәм темирдей қатты,
Бәри жолдан шыққан.
29 Көрик тоқтаўсыз үпленип,
Отта қорғасын ерип атыр.
Бирақ зергердиң бул иси
бийҳуда кетти,
Сонда да жаўызлықтан
ажыратылмады.
30 Оларды „сыпатсыз гүмис“ деп
атайды.
Өйткени Мен, Жаратқан Ийе
олардан жүз бурдым».

## Еремияның Ибадатханада ўаз айтыўы

7 [1] Еремияға Жаратқан Ийеден
мынадай сөз түсти:
[2] – Жаратқан Ийениң Үйиниң
дәрўазасында турып, мына сөз-
ди жәрияла: «Ҳәй, пүткил Яҳуда
халқы, Жаратқан Ийеге сыйыныў
ушын мына дәрўазалардан кирген-
лер! Жаратқан Ийениң сөзин тың-
лаң! [3] Израилдың Қудайы Әлемниң
Жаратқан Ийесиниң сөзи мынаў:
Жолларыңызды ҳәм ис-ҳәрекети-
ңизди туўрылаң. Сонда Мен сиз-
лерге бул жерде жасаўға рухсат бе-
ремен. [4] „Бул Жаратқан Ийениң
Ибадатханасы, бул Жаратқан Ийе-
ниң Ибадатханасы, Жаратқан Ийе-
ниң Ибадатханасы усы жерде“, – де-
ген жалған сөзлерге исенбең. [5] Егер
жолларыңызды, ислериңизди пүт-
киллей дүзетсеңиз, бир-бириңизге
әдалатлы болсаңыз, [6] келгиндиге,
жетимге ҳәм жесирге зулымлық
қылмасаңыз, бул жерде наҳақ қан
төкпесеңиз, өзлериңизге зыян кел-
тиретуғын басқа қудайларға аўып
кетпесеңиз, [7] онда Мен сизлерге
бул жерде, әўелден ата-бабалары-
ңызға берген жерде мәңги-бақый
жасаўыңызға рухсат беремен. [8] Де-
ген менен, сизлер пайдасыз жалған
сөзлерге исенип жүрсиз. [9] Сизлер
урлық қыласыз, адам өлтиресиз,
неке ҳадаллығын бузасыз, жал-
ған ант ишесиз, Баалға арнап, хош
ийисли түтетки түтетесиз, таны-
майтуғын басқа қудайларға ере-
сиз. [10] Кейин бул жеркенишли ис-
лерди даўам етиў ушын, Мениң
атым менен аталған мына Үйге ке-
лип, алдымда турып: „Бизлер аман-
есенбиз“, – дейсизлер ме? [11] Мениң
атым менен аталған бул Үй сиз-
лер ушын қарақшылар мәканы-
на айланды ма? Деген менен, Мен
не ислеп атырғаныңызды көрип
турман, – дейди Жаратқан Ийе.
[12] – Енди Шилоға, Мен Өз атым-
ды дәслепки рет орнатқан жер-
ге барың ҳәм халқым Израилдың
жаўызлығы себепли оған не қыл-
ғанымды көриң. [13] Булардың ҳәм-
месин сизлер де иследиңиз, – дейди
Жаратқан Ийе. – Мен сизлерге қай-
та-қайта айттым, қулақ салмады-
ңыз, шақырдым, жуўап бермеди-
ңиз. [14] Солай екен, Мен Шилоға не
қылған болсам, Мениң атым менен
аталған, сизлер исенген бул Иба-
датханаға, сизлерге ҳәм ата-баба-
ларыңызға берген бул жерге соны
қыламан. [15] Туўысқанларыңызды,
пүткил Эфрайым[a] нәсиллерин ал-
дымнан қалай қуўған болсам, сиз-
лерди де солай қуўаман».

## Халықтың бойсынбаўшылығы

[16] – Еремия, сен бул халық ушын
дуўа етпе, олар ушын пәрияд қыл-
ма, жалынба, Маған тәўелле салма.
Бәри бир Мен сени тыңламайман.
[17] Яҳуда қалаларында, Ерусалим
көшелеринде олардың не ислеп
атырғанын көрип турғаның жоқ
па? [18] Балалар отын жыйнайды,
әкелер от жағады, ҳаяллар қа-
мыр ийлеп, Аспан ханшасына ар-
нап мазалы нан писиреди. Мениң
ғәзебимди келтириў ушын, бул

---

a **7:15** *Эфрайым* – арқа патшалық Израил нәзерде тутылған.

халық басқа қудайларға ишим-
лик садақасын қуяды. 19 Олардың
ашыўға тиймекши болғаны Мен
бе? – дейди Жаратқан Ийе. – Яқ,
олар өзлерине зәлел келтирип, уят-
қа қалмақта.
20 Сол себепли Қудай Ийе бы-
лай дейди: Мен ашыў-ғәзебимди
бул жерге, адамлар менен ҳайўан-
лардың, атыздағы ағашлар менен
жердиң өниминиң үстине төгемен.
Ғәзебим от болып жанар, ол сөн-
дирилмес.
21 Израилдың Қудайы, Әлемниң
Жаратқан Ийеси былай дейди:
Жандырылатуғын қурбанлық-
ларыңызды басқа қурбанлық-
ларыңызға қосып, екеўиниң де
гөшин жей бериң. 22 Өйткени Мен
ата-бабаларыңызды Мысырдан
алып шыққанымда, жандыры-
латуғын қурбанлық ҳәм бас-
қа қурбанлықлар туўралы ҳеш
нәрсе айтпадым, буйрық та бер-
медим. 23 Мен оларға тек мына
буйрықты берген едим: «Маған
қулақ салың. Сонда Мен сизлер-
диң Қудайыңыз, сизлер де Мениң
халқым боласыз. Бәрқулла Мен
буйырған жолдан жүриң, сон-
да абадан турмысқа ерисесиз».
24 Бирақ олар тыңламады, Маған
дыққат аўдармады. Керисинше,
өз қәлеўи ҳәм жаўыз жүрегиниң
өжетлиги жолында жүрди. Ал-
ға илгерилеўдиң орнына, артқа
кетти. 25 Ата-бабаларыңыз Мы-
сырдан шыққан күннен тап усы
күнге шекем, Мен оларға барлық
қулларымды – пайғамбарларды
ҳәр күни изли-изинен жибердим.
26 Сонда да олар Мени тыңламады,
нәзер де аўдармады. Олар мойын
таўлап, ата-бабаларынан да бетер
жаманлық қылды.
27 Сен оларға усы сөзлердиң ҳәм-
месин айтасаң, бирақ олар сени
тыңламайды. Сен оларды шақы-
расаң, бирақ олар жуўап бермейди.
28 Сонлықтан сен оларға былай деп
айт: «Бул Қудайы Жаратқан Ийе-
ниң сөзине қулақ аспаған, тәлим-
тәрбияны қабыл алмаған миллет!
Ҳақыйқат өлди, олардың аўзынан
ҳақ сөз шықпайтуғын болды.

29 Ерусалим халқы, шашыңызды
кесип ылақтырың,
Тақыр төбелерге шығып,
жоқлаў айтың.
Себеби ғәзебине ушыраған бул
әўладты,
Жаратқан Ийе тәрк етип,
таслап кетти.

30 Яҳуда халқы Мениң нәзерим-
де жаўыз болған ислерди исле-
ди, – дейди Жаратқан Ийе. – Олар
Мениң атым менен аталған үйге
жеркенишли бутларды қойып, оны
ҳарамлады. 31 Ул-қызларын отта
жағып қурбанлық қылыў ушын,
Бен-Ҳинном ойпатлығындағы То-
фетте сыйыныў орынларын қур-
ды. Буларды Мен буйырмадым,
булар ойыма кирип те шықпады.
32 Енди сондай күнлер келеди, –
дейди Жаратқан Ийе, – Ол жер
Тофет ямаса Бен-Ҳинном ойпат-
лығы делинбейди, ал Баўызлаў
ойпатлығы деп аталады. Тофетте
жерлеўге орын қалмағанша, өли-
лер жерленеди. 33 Бул халықтың
өли денелери аспандағы қусларға
ҳәм жердеги жабайы ҳайўанларға
жем болады. Оларды үркитетуғын

ҳеш ким қалмайды. 34 Яҳуда қала-
ларында ҳәм Ерусалим көшелерин-
де қуўаныш ҳәм шадлық сеслерин,
келин-күйеўдиң тойының сестин
еситилмейтуғын қыламан. Ол ел
қарабақанаға айланады».

8 1 «Сол ўақытта, – дейди
Жаратқан Ийе, – Яҳуда пат-
шаларының, басшыларының, руў-
ханийлериниң, пайғамбарларының
сүйеклери, Ерусалим турғынлары-
ның сүйеклери қәбирлеринен шы-
ғарып тасланады. 2 Бул сүйеклер
өзлери сүйген, хызмет еткен, изине
ерген, мәсләҳәт сораған ҳәм табын-
ған затларының, яғный қуяштың,
айдың ҳәм аспан денелериниң асты-
на шашып тасланады. Олар жыйнап
алынбайды, жерленбейди, топырақ-
та тезек сыяқлы шашылып жатады.
3 Бул жаман халықтан аман қалған-
ларын қай жерге сүргин қылсам да,
олар өмирден өлимди абзал көре-
ди», – дейди Әлемниң Жаратқан
Ийеси.

### Гүна ҳәм жаза

4 – Сен оларға айт:

«Жаратқан Ийе былай дейди:
Жығылған адам қайта турмай
ма?
Жолдан адасқан изге қайтпай
ма?
5 Не ушын бул халық жолдан
шықты?
Не ушын Ерусалим Меннен
үзликсиз жүз бурады?
Олар жалғанға қатты жабысып
алып,
Маған қайтыўдан бас
тартпақта.
6 Мен дыққат пенен тыңладым,
Олар ҳеш туўры сөйлемейди.
Ҳеш бири: „Не қылып
қойдым“, – деп,
Қылмысына пушайман
болмайды.
Олар саўашқа умтылған ат
киби,
Ҳәр бири өз жолына жортады.
7 Ҳәтте, аспандағы ләйлек те,
Өзиниң қайтыў мәўсимин
биледи.
Қумыры, қарлығаш ҳәм тырна
да,
Көшиў ўақтын биледи.
Бирақ халқым Мениң
көрсетпелеримди
билмейди.
8 Қалайынша сизлер: „Бизлер
ақыллымыз,
Жаратқан Ийениң Нызамы
бизлерде“, – деп айта
аласыз.
Негизинде, хаткерлердиң
жалған қәлеми,
Бул Нызамды жалғанға
айландырған жоқ па?
9 Даналар уятқа қалды,
Албырап, дузаққа түсти.
Олар Жаратқан Ийениң
сөзинен жүз бурды.
Сонда олардың даналығы
қайда?
10 Кишкенесинен үлкенине шекем,
Ҳарам дүнья табыўға ҳәўес.
Пайғамбарларынан
руўханийлерине шекем,
Ҳәммеси ҳийле менен ис
тутады.
Сонлықтан олардың ҳаялларын
басқаларға,
Атызларын басқыншыларға
беремен.

11 Тынышлық болмаса да:
„Тынышлық, тынышлық“, – дейди.
Халқымның қәўипли жарасын жүзеки емлейди.

12 Ислеген жеркенишли ислери ушын олар уялды ма?
Яқ, ҳеш уялмады,
Қызарыў не екенин билмеди.
Сонлықтан, олар да қулағанлар менен қулайды,
Жазалағанда, жер менен жексен болады, – дейди Жаратқан Ийе.

13 Олардың зүрәәтин жоқ қыламан,
– дейди Жаратқан Ийе. –
Шақаларда жүзим қалмайды,
Әнжир ағашы да миййе бермейди,
Ҳәтте, жапырақлары да қуўрап қалады.
Оларға не берген болсам,
Ҳәммесинен жуда болады».

14 Адамлар былай дести:
«Неге еле бул жерде отырмыз?
Жыйналып, қорғанлы қалаға барайық,
Сол жерде жан тәслим қылайық.
Қудайымыз Жаратқан Ийеге қарсы гүна ислегенимиз ушын,
Ол бизлерге зәҳәрли суў ишкизип,
Өлим жазасын берди.
15 Бизлер тынышлық күттик,
Бирақ жақсылық келмеди,
Шыпа ўақтын күттик,
Бирақ тосаттан қорқынышқа дуўшар болдық.

16 Душпан атларының пысқырығы,
Даннан еситилип тур.
Айғырларының киснегенинен,
Пүткил жер жүзи титиреп атыр.
Олар бул жерди ҳәм ишиндеги ҳәмме нәрсени,
Қаланы ҳәм онда жасайтуғынлардың ҳәммесин,
Жоқ қылыў ушын келди».

17 «Мен араңызға жыланларды,
Алдап-арбаўға көнбейтуғын уўлы жыланларды жиберемен.
Олар сизлерди шағады», – дейди Жаратқан Ийе.

18 Дәртиме шыпа жоқ,
Жүрегим жаралы.
19 Тыңлаң, халқымның зарлаған даўысы,
Жердиң алыс түпкиринен еситилип тур:
«Жаратқан Ийе Сионда емес пе?
Оның Патшасы да енди ол жерде болмай ма?»

«Не ушын олар өзлериниң бутлары,
Жарамсыз қудайлары менен Мениң қәҳәримди келтирди?»

20 «Бәҳәр де өтти, жаз да тамам болды,
Бизлер еле қутқарылмадық», – дейди халық.

21 Халқымның азабы зардабынан мен де азапландым,
Аза туттым, мени қорқыныш бийлеп алды.

22 Гиладта мәлҳәм жоқ па?
Ол жерде шыпакер жоқ па?
Халқымның жарақаты неге
жазылмай қойды?

# 9

1 Қәнекей, басым суў толы
қудық,
Көзлерим көз жас шығатуғын
булақ болса еди!
Халқымның қаза тапқанлары
ушын,
Күни-түни жоқлаў айтып,
жылар едим!
2 Қәнекей, шөлде мен ушын бир
кәрўан сарай болса еди!
Халқымды таслап, олардан
узақласар едим!
Себеби олардың ҳәммеси
бузық,
Опасызлар жыйындысы.

3 «Олар жалған ушын тиллерин
оқ жай киби ийеди,
Наҳақлықтың арқасынан олар
жерде күшейип бармақта,
Жаўызлық үстине жаўызлық
қылмақта,
Мени ҳасла танымайды,
– дейди Жаратқан Ийе. –
4 Ҳәр бириңиз өз достыңыздан
сақланың,
Туўысқанларыңыздың бирде
биреўине исенбең.
Себеби ҳәр бир туўысқан
жалғаншы,
Ҳәр бир дос өсекши.
5 Ҳәр ким өз достысын алдайды,
Ҳеш ким ҳақыйқатты
сөйлемейди.
Тиллерин жалған сөйлеўге
үйреткен,
Қылмыс ислеў менен өзлерин
ҳарықтырды.
6 Сен, Еремия, өтирикшилер
арасында жасап атырсаң,
Өтирикшилиги себепли
олар Мени таныўдан
бас тартады», – дейди
Жаратқан Ийе.

7 Сонлықтан Әлемниң Жаратқан
Ийеси былай дейди:
«Мен оларды отта еритип,
сынақтан өткеремен.
Халқымның жаман исине
буннан басқа не қылайын?
8 Олардың тиллери өлтиретуғын
оқ,
Ҳийле менен сөйлейди,
Досты менен көзабаға жақсы
сөйлеседи,
Бирақ ишинен оған дузақ
қурады.
9 Булар ушын Мен оларды
жазаламайын ба?
– дейди Жаратқан Ийе, –
Бундай миллеттен өш алмайын
ба?»

10 Мен таўлар ушын жылап-сықлап,
Даладағы жайлаўлар ушын
жоқлаў айтаман.
Олар күйип, шөлге айланды,
Ҳеш ким ол жерден өтпейди,
Маллардың даўысы да
еситилмейди.
Қуслар да, ҳайўанлар да ол
жерден қашып кеткен.

11 «Мен Ерусалимди тас
үйиндисине,
Сағаллардың мәканына
айландыраман.
Яҳуда қалаларын шөлге
айландырып,
Адамсыз бос қалдыраман».

12 Буны түсиниўге кимниң да-
налығы жетеди? Бул жердиң не
ушын қурып, ўайран болып, ҳеш
ким жүрмейтуғын шөлге айлан-
ғанын бизге түсиндиретуғындай,
Жаратқан Ийениң аўзынан шық-
қан сөзди ким алып, жәриялады?
13 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Олар Мениң өзлерине берген Ны-
замымды орынлаўдан бас тартты,
даўысыма қулақ аспады ҳәм Ныза-
мыма сай жасамады. 14 Керисинше,
олар қайсарлық пенен өз жүрек қә-
леўлерине берилип, ата-бабалары
үйреткениндей, Бааллларға ерди».
15 Соның ушын Әлемниң Жаратқан
Ийеси Израилдың Қудайы былай
дейди: «Мен бул халыққа ашшы жуў-
сан жегизип, зәҳәрли суў ишкиземен.
16 Мен оларды өзлери де, ата-бабала-
ры да танымайтуғын миллетлердиң
арасына тарқатып жиберемен. Олар
толық қырылып болмағанша, изине
қылыш саламан».

17 Әлемниң Жаратқан Ийеси
былай дейди:
«Ойланып көриң!
Жоқлаў айтып жылайтуғын
ҳаялларды шақырың!
Олардың ең шеберлерин
алдыртың!
18 Жылдам келип, бизлер ушын
жыласын,
Көзимизден жас шығарып,
Қабағымыздан суўдай ағызсын.
19 Сионнан жоқлаў айтып жылаған
даўыс еситиледи:
„Бизлер ўайран болдық!
Қатты уятқа қалдық!
Жеримизди тәрк еттик,
Мәканымыз жер менен жексен
болды“».
20 Ҳәй, ҳаяллар, Жаратқан Ийениң
сөзин тыңлаң!
Аўзынан шыққан сөзге қулақ
салың!
Қызларыңызға жылаўды,
Олардың досларына жоқлаў
жырын айтыўды үйретиң.
21 Көшелерде балаларды,
Майданларда жасларды қырып
таслаў ушын,
Өлим әйнеклеримизге
тырмасып,
Қорған қалаларымызға кирди.

22 Оларға айт:
«Жаратқан Ийе былай дейди:
Адамның өли денелери,
Ашық даладағы қый сыяқлы,
Орақшылардан қалған масақ
сыяқлы шашылып жатады.
Оларды жыйнап алатуғын ҳеш
ким болмайды».

23 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Дана адам даналығы менен,
Күшли күши менен,
Бай байлығы менен
мақтанбасын.
24 Мақтанатуғын адам Мени
түсингени ҳәм таныған
менен,
Жер жүзинде сүйиспеншилик,
Әдалат ҳәм туўрылықты жүзеге
асыратуғын,
Жаратқан Ийе Мен екеним
менен мақтансын.
Булардан Мен рәҳәтленемен», –
дейди Жаратқан Ийе.

25 «Сондай күнлер келеди, – дей-
ди Жаратқан Ийе, – тек көзабаға
сүннетленгенлердиң ҳәммесин жа-
залайман. 26 Мысырды, Яҳуданы,

Эдомды, аммонларды, Моабты ҳәм шөлде жасап, тулымшақларын кесетуғынлардың ҳәммесин жазалайман. Өйткени бул миллетлердиң бәри сүннетсиз, пүткил Израил халқының да жүреги сүннетсиз».

### Ҳақыйқый Қудай ҳәм бутлар

**10** 1 Ҳәй, Израил халқы, Жаратқан Ийениң сизлерге
айтып атырған сөзлерин тыңлаң!
2 Жаратқан Ийе былай дейди:

«Миллетлердиң жолларын
үйренбең,
Басқа миллетлер қорққаны
сыяқлы,
Аспан белгилеринен қорқпаң.
3 Халықлардың дәстүрлери
пайдасыз.
Олар тоғайдан ағаш кесип
алып,
Устаның қуралы менен оған
пишим береди.
4 Оны гүмис ҳәм алтын менен
безейди,
Жығылып кетпесин деп,
Шеге менен шөккишлеп қағып
қояды.
5 Бул бутлар палыз атызындағы
қарақшыға уқсайды,
Сөйлей алмайды,
Көтерип жүриў керек,
Өзлери жүре алмайды.
Олардан қорқпаң,
Олардың қолынан жаманлық
ислеў де,
Жақсылық ислеў де келмейди».

6 Жаратқан Ийе, Саған уқсағаны
жоқ!
Сен уллысаң, атың да
қүдиретке ийе!
7 Миллетлер Патшасы, Сеннен
қорқпайтуғын ким бар?
Сен буған ылайықлысаң.
Миллетлердиң барлық
данышпанлары,
Барлық патшалықлары
арасында,
Саған уқсағаны жоқ.
8 Бул халықлар ақмақ ҳәм
ақылсыз.
Жансыз ағаштан тәлим алады.
9 Таршиштен шөккишлеп
тегисленген гүмис,
Уфаздан алтын алып келинеди.
Уста ҳәм зергер ислеген нәрсеге,
Қызғыш көк ҳәм шым қызыл
кийим кийгизеди.
Ҳәммеси шебер
өнерментлердиң иси.
10 Бирақ Жаратқан Ийе –
ҳақыйқый Қудай,
Ол тири Қудай ҳәм мәңгилик
Патша.
Ол қәҳәрленсе, жер титирейди,
Миллетлер Оның ғәзебине
шыдам бере алмайды.

11 Бутқа сыйынатуғын халықларға
былай деп айтыңлар:
«Жер ҳәм аспанды жаратпаған
қудайлар,
Жер бетинен ҳәм аспан
астынан жоқ болады».

12 Ол Өз қүдирети менен жерди
жаратты,
Даналығы менен дүньяны
қурды,
Ақылы менен көклерди жайды.
13 Ол гүркирегенде, көктеги суўлар
шуўылдайды,
Ол жердиң төрт тәрепинен
бултларды көтереди.

Жаўын жаўдырыў ушын
шақмақ шақтырып,
Сақлап қойған жеринен самал
естиреди.
14 Ҳәмме адам ақмақ ҳәм билимсиз,
Ҳәр бир зергер соққан бутлары
себепли уятқа қалады,
Олардың мүсинлери қолдан
соғылған, оларда жан жоқ.
15 Олар пайдасыз, масқарапаздың
иси,
Жазалаған ўақытта-ақ жоқ
болады.
16 Бирақ Яқыптың Қудайы оларға
уқсамайды,
Ол – пүткил барлықты
жаратқан Қудай.
Израил урыўы – Оның мийрасы,
Оның аты – Әлемниң
Жаратқан Ийеси.

## Апатшылықтың келиўи

17 Қамалда жасағанлар,
Бары-жоғыңызды жыйнаң!
18 Өйткени Жаратқан Ийе былай
дейди:
«Мине, енди бул жердиң
турғынларын ылақтырып
таслайман.
Таўып алыўы ушын,
Оларды тар жерге қуўып алып
бараман».

19 Сорым қурысын, сорлап
қалдым!
Жарақатым аўыр! Бирақ мен
өзиме:
«Басымда бул дәрт те бар екен,
Шыдаўым керек», – дедим.
20 Шатырым қулады, үзилди
барлық жиплери,
Балаларым таслап кетти, енди
олар жоқ.
Шатырымды қайта тигетуғын,
Перделерин тағатуғын ҳеш ким
жоқ.
21 Шопанлар ақылдан адасты,
Жаратқан Ийеден мәсләҳәт
сорамады.
Сонлықтан ислери оңынан
келмеди,
Ҳәмме сүриўлери тарап кетти.
22 Тыңлаңлар, бир хабар киятыр!
Яҳуда қалаларын шөлге,
Сағаллар мәканына
айландырыўы ушын,
Арқадан уллы шаўқым киятыр!

## Еремияның дуўасы

23 Жаратқан Ийе, мен адам
жолының өз қолында
емеслигин,
Өз адымын өзи басқара
алмайтуғынын билемен.
24 Жаратқан Ийе, ғәзебиң менен
емес,
Ал әдалатың менен мени
тәрбияла!
Болмаса мени қуртасаң.
25 Ғәзебиңди Өзиңди танымаған
миллетлерге,
Атыңды айтып шақырмаған
қәўимлерге төк.
Себеби олар Яқыпты жалмады,
Пүткиллей қырып, жоқ қылып,
Мәканын ўайран етти.

## Келисимниң бузылыўы

11 1 Еремияға Жаратқан Ийе-
ден мынадай сөз түсти:
2 – Мына келисимниң шәртлерин
тыңла! Буларды Яҳуда халқына
ҳәм Ерусалим турғынларына ба-
ян ет. 3 Оларға айт: «Израилдың
Қудайы Жаратқан Ийе былай дей-
ди: Бул келисимниң шәртлерине

қулақ аспаған адамға нәлет жаўады.
4 Мен ата-бабаларыңызды Мысыр-
дан, темир ошақтан алып шыққан
күнимде оларға былай деп буйрық
бердим: „Мениң даўысыма қулақ
салың ҳәм буйырған нәрселерим-
ниң бәрин орынлаң. Сонда сизлер
Мениң халқым, Мен де сизлердиң
Қудайыңыз боламан. 5 Солай ис-
лесеңиз, ата-бабаларыңызға бер-
ген антымды орынлап, өзлериңиз
ҳәзир ийелеген жерди, сүт ҳәм пал
ағып турған жерди беремен“».
Сонда мен:
– Аўмийин, Жаратқан Ийе, – деп
жуўап бердим.
6 Кейин Жаратқан Ийе маған бы-
лай деди:
– Бул сөзлердиң ҳәммесин Яҳуда
қалаларында ҳәм Ерусалим көше-
леринде жәриялап, былай деп айт:
«Бул келисимниң шәртлерин тың-
лаң ҳәм оларды орынлаң. 7 Мен ата-
бабаларыңызды Мысырдан алып
шыққан күннен тап усы күнге ше-
кем үзликсиз: „Сөзиме қулақ са-
лың“, – деп қатты ескертип келдим.
8 Деген менен, олар тыңламады,
қулақ аспады. Қайтама қырсығып,
ҳәр бири жүрегиниң жаман қәлеў-
лери менен жүре берди. Сонлық-
тан келисимдеги барлық ғарғысты
олардың басына жаўдырдым. Мен
оларға буларды орынлаўды буйыр-
ған едим, бирақ олар орынламады».
9 Соңынан Жаратқан Ийе маған
былай деди:
– Яҳуда халқы ҳәм Ерусалим тур-
ғынлары арасында бир тил би-
риктириў жүзеге шықты. 10 Олар
Мениң сөзлериме қулақ салыў-
дан бас тартқан ата-бабаларының
айыпларына қайта оралды, басқа
қудайлардың изине ерип, оларға
хызмет етти. Израил халқы да,
Яҳуда халқы да Мениң ата-баба-
лары менен дүзген келисимим-
ди бузды. 11 Сонлықтан Мен,
Жаратқан Ийе былай деймен:
Мен олардың басына қашып қу-
тыла алмайтуғын апат жаўдыра-
ман. Олар Мени шақырса да, Мен
оларға қулақ салмайман. 12 Кейин
Яҳуда қалалары менен Ерусалим
турғынлары өзлери хош ийис-
ли түтетки түтеткен қудайлары-
на барып, жалбарынады. Бирақ
апатшылық келгенде, бул қудай-
лар оларды ҳасла қутқармайды.
13 Яҳуда, сенде қанша қала болса,
қудайларыңның саны да сонша!
Жеркенишли бутқа, яғный Баал
бутына арнап хош ийисли түтет-
ки түтетиў ушын, Ерусалимде қан-
ша көше болса, сонша қурбанлық
орын қурдыңыз.
14 Еремия, сен бул халық ушын
дуўа етпе, олар ушын жалбарын-
ба да. Себеби апатшылыққа ушы-
рап Мени шақырғанда, Мен оларға
қулақ салмайман. 15 Сүйикли хал-
қымның Ибадатханамда не жу-
мысы бар? Олар көп жаман ислер
қылды. Егер жаўызлық қылып
атырып, шадланады екен, қала-
йынша қурбанлық гөши қабыл
алынады!
16 Жаратқан Ийе Өз халқына
«Сулыў мийўели, жасыл жапы-
рақлы зәйтүн ағашы» деген ат
берди. Енди болса, күшли ғалма-
ғаллық шаўқымы астында оған от
береди, оның шақалары жанып,
набыт болады. 17 Бул теректи тик-
кен Әлемниң Жаратқан Ийесиниң
Өзи оны жоқ қылыўды қарар етти.

Өйткени Израил ҳәм Яҳуда халқы жаўызлықлар иследи, Баалға түтеткилер түтетип, Оның ғәзебин келтирди.

### Еремияға қарсы тил бириктириў

18 Жаратқан Ийе маған аян қылды. Олардың жаўыз нийетлерин ашып бергени ушын, мен оннан хабар таптым. 19 Мен болсам, баўызлаўға алып баратырылған жуўас бир қозы сыяқлы едим. Олардың маған қарсы тил бириктиргенин билмедим. Олар:

«Келиң, ағашты мийўеси менен
жоқ қылайық,
Буннан былай, оның аты еске
алынбаўы ушын,
Тирилер әлеминен кесип
таслайық», – деген еди.

20 Әдалатлы ҳүким шығаратуғын,
Жүрек-қәлибти сынайтуғын,
Әлемниң Жаратқан Ийеси!
Даўамды Саған тапсыраман,
Олардан қалай өш алғаныңды
көрейин!

21 Сонлықтан жанымды алмақшы болып: «Жаратқан Ийениң атынан пайғамбаршылық қылма, болмаса, қолымыздан өлесең», – деген анатотлылар ҳаққында Жаратқан Ийе айтады. 22 Әлемниң Жаратқан
Ийеси былай дейди: «Мен оларды жазалайман. Жаслары қылыштан, балалары ҳәм қызлары ашлықтан
өледи. 23 Ҳеш бири аман қалмайды.
Ҳүким қылынатуғын жылы, Мен анатотлылардың басына апатшылық жаўдыраман».

### Еремияның шағымы

12 1 Жаратқан Ийе, даўа-арзымды Саған алып келсем,
Сен бәрқулла ҳақ болып
шығасаң.
Сонда да, ҳүким туўралы,
Сениң менен сөйлеспекшимен.
Не ушын жаманның иси
жүриседи?
Не ушын сатқынлар
тынышлықта жасайды?
2 Оларды Сен отырғыздың, олар
тамыр жайып,
Өсип, мийўе берди.
Атың аўзынан түспейди,
Бирақ жүреги Сеннен алыс.
3 Мени болса, Жаратқан Ийе, Сен
таныйсаң,
Мени көресең,
Өзиң ҳаққыңдағы
пикирлеримди сынайсаң.
Сол адамларды
баўызланатуғын қойдай
етип сүйреп,
Сойылатуғын күн ушын
ажыратып, тайынла.
4 Қашанға дейин жер аза тутып,
Атызларда шөплер солып
жатады?
Ол жердиң турғынларының
жаман ислери ақыбетинде,
Ҳайўанлар ҳәм қуслар набыт
болмақта.
Себеби бул халық:
«Ол бизлерге не болатуғынын
көрмейди», – дейди.

### Қудайдың Еремияға жуўабы

5 «Еремия, пиядалар менен
жарысып шаршасаң,
Онда атлар менен қалай
жарысасаң?

Жазық жерде сүрниксең,
Онда Иордан бойындағы
қалың тоғайда не қыласаң?
6 Ҳәтте, әкеңниң үй-иши, туўған-
туўысқанларың,
Саған қыянет етти,
Артыңнан қатты сөйледи.
Олар саған жақсы сөйлесе де,
Оларға исенбе.

7 Мен үйимди тәрк еттим,
Ийелигимди таслап кеттим.
Жанымдай сүйген халқымды,
Душпанларының қолына
бердим.
8 Өз халқым Маған тоғайдағы
арысландай болды,
Маған ырылдады, соның ушын
оны жек көремен.
9 Халқым жыртқыш қусқа,
Ҳәр тәрептен топылысқа
ушыраған жыртқыш қусқа
уқсап қалмады ма?
Барып, барлық жабайы
ҳайўанларды топлаң,
Олар Мениң ийелигимди
жалмап жутсын.
10 Көп шопанлар жүзимзарымды
набыт қылды,
Атызымды басқылап таслады,
Сүйикли атызымды тақыр
шөлге айландырды.
11 Оны ўайран қылды,
Кеўип, алдымда нала шегип
атыр.
Барлық жер ўайран болды,
Оған кеўил бөлетуғын ҳеш ким
жоқ.
12 Шөлдеги барлық тақыр төбелер
арқалы,
Қуртыўшылар киятыр.
Жаратқан Ийениң, Мениң
қылышым,
Жердиң бир шетинен екинши
шетине дейин қырып
жояды.
Оннан ҳеш ким аман қалмайды.
13 Олар бийдай егип, тикен орды,
Тынбай мийнет етип, рәҳәт
көрмеди.
Лаўлаған ғәзебим себепли,
Зүрәәт ала алмай шерменде
болдыңыз».

14 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Халқым Израилға берген мүлки-
ме қол салған барлық жаман қоң-
сыларын өз жерлеринен суўырып
таслайман. Яҳуда халқын да олар
менен бирге суўырып таслайман.
15 Ҳәммесин суўырып таслағаным-
нан соң, оларға және реҳим етип,
ҳәр бирин өз мийрасына, өз же-
рине қайтып алып келемен. 16 Егер
халқыма Баал ҳақы ант ишиўди
үйреткени сыяқлы, өзлери де хал-
қымның жолын ықлас пенен үйре-
нип: „Тири Жаратқан Ийе ҳақы ант
ишемен“, – деп, Мениң атым менен
ант ишиўди үйренсе, онда олар да
халқымның арасына орналасады.
17 Бирақ Маған қулақ салмаған ҳәр
бир миллетти түп-тамыры менен
қопарып, набыт қыламан», – дей-
ди Жаратқан Ийе.

### Зығыр белбеў

13 1 Жаратқан Ийе маған:
– Барып, зығыр белбеў са-
тып ал. Оны белиңе байла, бирақ
суўға тийгизбе, – деди. 2 Жаратқан
Ийениң сөзи бойынша мен белбеў
сатып алып, оны белиме байладым.
3 Маған және Жаратқан Ийеден
сөз түсти:

4 – Белиңдеги сатып алған бел-
беўиңди ал да, Перат дәрьясына
барып, оны сол жердеги бир жар-
tастың жарығына жасыр.
5 Мен Жаратқан Ийениң буйры-
ғы бойынша барып, белбеўди Пе-
раттың бойына жасырдым.
6 Арадан көп күнлер өткеннен ке-
йин, Жаратқан Ийе маған:
– Тур, Ператқа бар да, жасырған
белбеўиңди ал, – деди. 7 Кейин мен
Ператқа кеттим, жасырған жерим-
ди геўлеп, белбеўди алдым. Бирақ
белбеў ширип, ҳеш нәрсеге жара-
майтуғын болып қалған еди.
8 Сонда маған Жаратқан Ийеден
мынадай сөз түсти:
9 – Жаратқан Ийе былай дейди:
Мен Яҳуданың тәкаббирлигин ҳәм
Ерусалимниң аса менменлигин ши-
ритемен. 10 Бул жаўыз халық қай-
сар жүрегиниң қәлеўин орынлап,
Мениң сөзлериме қулақ салыўдан
бас тартты. Басқа қудайларға ерип,
оларға хызмет етти, табынды. Со-
ның ушын, олар да усы белбеў сы-
яқлы ҳеш нәрсеге жарамайтуғын
болады. 11 Белбеўдиң денеге жабы-
сып турғаны сыяқлы, Мен де пүт-
кил Израил ҳәм Яҳуда халықларын
Өзиме жақын тутқан едим, – дейди
Жаратқан Ийе. – Маған атақ-абы-
рай, алғыс ҳәм даңқ келтиреди деп,
олардың Өз халқым болыўын қә-
ледим. Бирақ олар қулақ салмады.

### Шарап қуйылған мес

12 – Оларға мына сөзлерди
жеткер: «Израилдың Қудайы
Жаратқан Ийе былай дейди: Ҳәмме
меслер шарапқа толады». Егер олар
саған: «Ҳәмме меслердиң шарапқа
толатуғынын бизлер не билмеймиз
бе?» – десе, 13 онда оларға былай
деп жуўап бер: «Жаратқан Ийе
былай дейди: Бул жерде жасайту-
ғынлардың ҳәммесин – Даўыттың
тахтында отырған патшаларды,
руўханийлерди, пайғамбарларды
ҳәм Ерусалим турғынларының
ҳәммесин мәс болғанша шарапқа
тойдыраман. 14 Мен оларды бир-
бирине, ата-аналарын балалары-
на қарсы қылып қояман, – дейди
Жаратқан Ийе. – Оларды жоқ қыл-
ғанымда аямайман, ашынбайман,
реҳим де етпеймен».

### Сүргин жақынласпақта

15 Тәкаббирлик етпей қулақ салып,
тыңлаң,
Себеби Жаратқан Ийе айтты.
16 Үстиңизге қараңғылық
жиберместен,
Зулмат таўларында аяғыңыз
сүрникпестен алдын,
Қудайыңыз Жаратқан Ийени
уллылаң.
Болмаса, Ол сизлер күтип
атырған жарықлықты,
Зулматқа айландырып,
Тас түнек қараңғы қылады.
17 Егер бул сөзлерге қулақ
салмасаңыз,
Онда тәкаббирлигиңиз ушын
жаным пинҳамы жылайды,
Көзлерим ашшы-ашшы жас
төгеди.
Себеби Жаратқан Ийениң
қойлары,
Тутқын етип алып кетиледи.

18 Патшаға ҳәм ана ханшаға былай
деп айт:
«Тахтыңыздан түсип, жерге
отырың,

Өйткени салтанатлы тажыңыз
басыңыздан түсип кетти».
19 Негебтиң қалалары жабылды,
Оларды ашатуғын ҳеш ким жоқ.
Пүткил Яҳуда сүргин етилди,
Бирде бир адам қалмай сүргин
етилди.
20 Ерусалим, басыңды көтерип,
Арқадан киятырғанларға қара.
Саған берилген сүриў,
Әжайып сүриў қаяқта?
21 Өзиңе аўқамлас қылып
жетистирген адамларыңды,
Жаратқан Ийе сениң үстиңнен
басшы қылса, не дер
екенсең?
Сонда толғақ тутқан ҳаялдың
азабындай,
Сен де азап шекпейсең бе?
22 Ишиңнен: «Не ушын булар
мениң басыма түсти?» –
дерсең.
Айыпларыңның көплиги
себепли,
Етеклериң ашылды, намысыңа
тийилди.
23 Хабашстанлы терисиниң реңин,
Қаплан үстиндеги дақларын
өзгерте ала ма?
Сол сыяқлы, жаўызлық қылып
үйренген сизлер де,
Жақсылық қыла аласыз ба?

24 «Мен сизлерди шөл самалы
менен суўырылған,
Қаўық сыяқлы ушырып
жиберемен.
25 Сениң несийбең,
Мен өлшеп беретуғын пайың –
усы,
– дейди Жаратқан Ийе. –
Себеби сен Мени умытып,
Жалғанға үмит байладың.
26 Шерменделигиңди көрсетиў
ушын,
Мен де етегиңди бетиңе дейин
көтеремен.
27 Далаларда ҳәм төбешиклер
үстинде,
Сен қылған жеркенишли
ислерди,
Қыянетиңди, есиркеп
киснеўиңди,
Уятсыз бузықшылығыңды
көрдим.
Сорың қурысын сениң,
Ерусалим!
Пәклениўиң ушын саған және
қанша ўақыт керек?»

### Жан түршиктиретуғын қурғақшылық

14 1 Қурғақшылық ҳаққында
Еремияға Жаратқан Ийе-
ден мынадай сөз түсти:

2 «Яҳуда аза тутып,
Қалалары қуўрап атыр.
Адамлары жоқлаў айтып,
жерде отыр,
Ерусалимнен зарлаған
даўыслар шығып атыр.
3 Ақсүйеклер қулларын суўға
жиберди,
Олар суў сақлағышларға барып,
суў таппай,
Бос ыдыслары менен үйлерине
қайтты.
Олар албырап, қысынып,
жүзин жаўып алды.
4 Жерге жаўын жаўмағаннан
кейин,
Жер қақ айырылды.
Дийханлар үмитсизликке түсип,
Басын услады.
5 Ҳәтте, шөлдеги ана суўын да,

От-шөп болмағаны ушын,
Жаңа туўған баласын таслап
кетпекте.
6 Қуланлар жалаңаш төбелерде
турып,
Сағаллар киби суўық демин
алмақта.
Отлақ болмағанлықтан,
Көзлериниң нуры сөнген».

7 Айыпларымыз бизге қарсы
гүўалық берсе де,
Өз атың ҳүрмети бир нәрсе қыл,
Жаратқан Ийе!
Қыянетимиз жүдә аўыр,
Саған қарсы гүна иследик.
8 Израилдың үмити,
Азап күнинде Қутқарыўшы!
Неге жеримизге келген
келгиндиге,
Түнеп кететуғын жолаўшыға
уқсайсаң?
9 Неге Сен албыраған адамға,
Қутқарыўға күши жетпейтуғын,
Жаўынгерге уқсайсаң?
Бирақ Сен бизлердиң
арамыздасаң-ғо,
Бизлер Сениң атың менен
шақырылдық,
Бизлерди тәрк етпе, Жаратқан
Ийе!

10 Бул халық туўралы Жаратқан
Ийе былай дейди:
«Олар ҳақыйқаттан да,
қаңғырып жүргенди жақсы
көреди,
Аяқларын тыя алмайды.
Сонлықтан Мениң оларға
кеўлим толмайды,
Енди айыпларын еске аламан,
Гүналары ушын оларды
жазалайман».

11 Кейин Жаратқан Ийе маған
былай деди:
– Бул халықтың абаданлығы
ушын дуўа етпе. 12 Олар ораза тут-
са да, олардың жалбарыныўларына
қулақ салмайман. Жандырылату-
ғын қурбанлық ҳәм ғәлле садақа-
сын усынса да, Мен оларды қабыл
қылмайман. Керисинше, оларды
қылыш, ашлық ҳәм иллет пенен
қырып таслайман.
13 Сонда мен:
– Қудай Ийе, пайғамбарлар бул
халыққа қылыш жүзин көрмейсиз,
ашлық та болмайды, бул жерде ҳа-
қыйқый абадан турмыс кеширесиз
деп атыр, – дедим.
14 Жаратқан Ийе маған былай деп
жуўап берди:
– Пайғамбарлар Мениң атымнан
жалған пайғамбаршылық қыл-
мақта. Оларды Мен жибермедим.
Оларға буйрық та бермедим, олар
менен сөйлеспедим де. Олар сиз-
лерге жалған аянларды, ашқан
пайдасыз палын ҳәм өзлериниң
жүреклери қәлеген жалғанларды
айтып пайғамбаршылық етип жүр.
15 Сонлықтан Мениң атым менен
пайғамбаршылық етип жүргенлерге
былай деймен: «Оларды Мен жибер-
меген болсам да, олар: „Бул жерге
қылыш та, ашлық та жоламайды“, –
дейди. Бирақ бул пайғамбарлардың
өзлери қылыш ҳәм ашлықтан қаза
табады. 16 Олар пайғамбаршылық
қылған халық та ашлық ҳәм қы-
лыш себепли Ерусалим көшелерине
ылақтырылады. Олардың өзлерин
де, ҳаялларын да, ул-қызларын да
жерлейтуғын ҳеш ким болмайды.
Олардың жаўызлықларын өзлери-
ниң басларына жаўдыраман».

17 – Сен оларға мына сөзди жеткиз:

«Күни-түни көз жасым
тоқтамасын.
Себеби пәк қызым – халқым
аўыр жарақатланды,
Күшли соққы жеди.
18 Далаға шықсам,
Қылыштан қаза тапқанлар,
Қалаға кирсем,
Ашлықтан өлимши
болғанларды көремен.
Пайғамбар да, руўханий де,
Өзлери билмейтуғын жерде
қаңғып жүр».

19 Яҳудадан пүткиллей бас
тартқаның ба?
Сионнан да жеркенетуғын
болдың ба?
Не ушын бизди шыпасыз
қылып жарақатладың?
Бизлер парахатшылық күттик,
Бирақ жақсылық көрмедик.
Шыпа алатуғын ўақытты
күттик,
Орнына зәрремиз ушты.
20 Жаратқан Ийе, ислеген
жаманлықларымызды,
Ата-бабаларымыздың
айыпларын мойынлаймыз.
Алдыңда гүна иследик.
21 Атың ҳүрмети бизлерден жүз
бурма,
Салтанатлы тахтың ҳүрмети
аяқ асты қылма.
Бизлер менен дүзген
келисимиңди еске ал,
Оны бузба.
22 Миллетлердиң жарамсыз
бутларының арасында,
Жаўын жаўдыра алатуғыны
бар ма?
Ямаса аспан өзлигинен нөсер
қуйдыра ала ма?
Қудайымыз Жаратқан Ийе, буны
тек ғана Сен ислей аласаң.
Булардың ҳәммесин
ислейтуғын Сенсең,
Үмитимиз Сеннен!

### Яҳуда халқына реҳим етилмейди

**15** 1 Жаратқан Ийе маған бы-
лай деди:
– Ҳәтте, Муўса менен Самуел ал-
дымда турып жалбарынса да, бул
халыққа жүрегим жибимейди. Бул
халықты алдымнан қуў, кетсин!
2 Егер олар сеннен: «Қай жерге ба-
рамыз?» – десе, оларға былай деп
айт: «Жаратқан Ийе былай дейди:

Өлимге ҳүким етилгенлер –
өлсин,
Қылышқа ҳүким етилгенлер –
қылыш астына түссин,
Ашлыққа ҳүким етилгенлер –
ашлыққа ушырасын,
Тутқынлыққа ҳүким
етилгенлер – тутқын
болсын.

3 Оларға төрт түрли жаза бериў-
ди қарар еттим, – дейди Жаратқан
Ийе, – өлтириў ушын қылышты,
тилкимлеў ушын ийтлерди, жеп,
жоқ қылыў ушын көктеги қуслар
менен жердеги ҳайўанларды жи-
беремен. 4 Яҳуда патшасы Хизкия
улы Менашшениң Ерусалимде ис-
леген ислериниң[a] кесири себепли,

[a] **15:4** 4Пат 21:1-16.

пүткил жер бетиндеги патшалықлар ушын оларды ҳүрейди ушыратуғын көриниске айландыраман.

5 Ерусалим, саған кимниң жаны
ашыйды?
Ким сен ушын аза тутады?
Ҳал-жағдай сораў ушын,
Ким қайырылып, саған келер
екен?
6 Сен Меннен жүз бурдың,
– дейди Жаратқан Ийе, –
Сен арқанды қараттың.
Сонлықтан қолымды көтерип,
Сени жоқ қыламан.
Сени аяўдан шаршадым.
7 Бул жердиң қала
дәрўазаларында,
Халқымды гүрек пенен
суўыраман.
Перзентлеринен айырып,
Халқымды набыт қыламан.
Өйткени олар жаман
жолларынан қайтпады.
8 Олардың жесирлери теңиз
қумынан да көп болады.
Жигитлериниң аналарының
үстине,
Тал түсте набыт қылыўшыны
жиберемен.
Тосаттан оларды қайғы ҳәм
қорқынышқа саламан.
9 Жети балалы ана ҳәлсиреп,
Соңғы демин береди.
Оның қуяшы күндиз-ақ батады.
Ол уятқа қалып, масқара
болады.
Аман қалғанларды
душпанларының көз
алдында,
Қылышқа тапсыраман, – дейди
Жаратқан Ийе».

## Еремияның шағым етиўи

10 Мениң сорым қурысын!
Анажан, сен мени пүткил дүнья
менен даўласып,
Жәнжеллессин деп туўып па
едиң?
Мен ҳеш кимге қарыз бермедим,
қарыз да алмадым,
Сонда да ҳәмме мени нәлетлейди.

11 Жаратқан Ийе былай деди:
«Мен сени пүткиллей
душпанларға беремен.
Апатшылық ҳәм бахытсызлық
ўақтында,
Оларды саған жиберемен.
12 Темирди, арқадан келген темир
ҳәм қоланы,
Ким сындыра алады?
13 Елдиң ҳәмме жеринде ислеген
гүналарыңыз ушын,
Байлығыңызды ҳәм
ғәзийнеңизди,
Душпанларыңызға аңсат олжа
қыламан.
14 Мен сизлерди өзлериңиз
билмейтуғын жердеги,
Душпанларыңызға қул
қыламан.
Ғәзебим сизлерге қарсы
тутанып,
От болып жанады».

15 Жаратқан Ийе, Сен билесең,
Мени ядқа ал, жәрдем бер,
Мени қуўғын қылғанлардан
өшимди ал.
Сабырлылығың менен мени
набыт қылма,
Билесең, Сен ушын
хорлықларға шыдап
атырман.

16 Сөзлериңди тауып, жедим.
Сөзлериң маған қуўаныш,
жүрегиме шадлық алып
келди.
Әлемниң Қудайы Жаратқан
Ийе,
Мен Сениң атың менен
аталғанман.
17 Кейпи-сапа қурғанлар менен
отырмадым,
Олар менен йошып,
шадланбадым.
Сениң қолың үстимде болып,
Мени ғәзепке толтырғаның
ушын,
Мен жалғыз отырдым.
18 Неге азабымның азары
басылмайды?
Неге жарақатым аўыр ҳәм
шыпасыз?
Сен мен ушын суўы қурып қала
беретуғын,
Алдамшы бир сай болажақсаң
ба?

19 Буған Жаратқан Ийе былай
дейди:
«Егер тәўбе қылсаң, қайта
қабыл етип,
Сени хызметиме қояман.
Егер мәниссиз сөйлемей,
Әҳмийетли сөзлерди айтсаң,
Мениң тилим менен
сөйлейсең.
Бул халықтың өзлери саған
қайтады,
Бирақ сен оларға қайырылып
қарама.
20 Мен сени бул халық ушын,
Қоладан исленген беккем
диийўал қыламан.
Олар сениң менен урысады,
бирақ жеңе алмайды.
Қутқарыў ҳәм азат қылыў
ушын,
Мен сениң менен биргемен,
– деди Жаратқан Ийе. –
21 Сени наҳақлардың қолынан
азат етемен,
Реҳимсизлердиң пәнжесинен
сатып аламан».

### Яҳуданың қулаўы

16 [1] Маған Жаратқан Ийеден
мынадай сөз түсти:
[2] – Үйленбе, бул елде ул-қыз-
ларың болмасын. [3] Бул жерде ту-
ўылған ул-қызлар, оларды туўған
аналар ҳәм оларды дөреткен әке-
лер туўралы Жаратқан Ийе былай
дейди: [4] Олар аўыр keселликлерден
өледи. Олар ушын жоқлаў айтыл-
майды, олар жерленбейди. Олар
топырақта тезек сыяқлы шашы-
лып жатады. Қылыштан қаза та-
бады, ашлықтан өледи. Денелери
көктеги қусларға ҳәм жердеги ҳай-
ўанларға жем болады.
[5] Сонлықтан Жаратқан Ийе бы-
лай дейди: Адам қайтыс болған
үйге кирме, жоқлаў айтыў яма-
са кеўил билдириў ушын барма.
Мен бул халықтан тынышлы-
ғымды, сүйиспеншилигимди ҳәм
реҳимимди алып қойдым, – дей-
ди Жаратқан Ийе. [6] – Бул жерде
үлкенинен кишкенесине дейин
ҳәммеси өледи. Оларды ҳеш ким
жерлемейди, олар ушын жоқ-
лаў айтып, өз денелерин тилип,
шашларын алдырмайды. [7] Өлиге
жоқлаў айтып жылағанларды жу-
батып, шөрек сындырып берету-
ғын да, ата-анасын еске алғанда
тәселле кесесин усынатуғын да
ҳеш ким болмайды. [8] Той болып

атырған үйге де кирме, олар ме-
нен отырып, ишип-жеме.
9 Себеби Израилдың Қудайы,
Әлемниң Жаратқан Ийеси былай
дейди: Сизлердиң күнлериңизде,
сизлердиң көз алдыңызда бул жер-
деги қуўаныш ҳәм шадлық даўы-
сын, келин ҳәм күйеўдиң даўысын
тыяман.
10 Бул сөзлердиң ҳәммесин ха-
лыққа жеткергениңде, олар саған:
«Не ушын Жаратқан Ийе бизлер-
ге бул аўыр азаптың барлығын
жаўдырмақшы екенин билдир-
ди? Жазығымыз не? Қудайымыз
Жаратқан Ийеге қарсы қандай
гүна иследик?» – дейди. 11 Сонда
сен оларға былай деп жуўап бер:
«Ата-бабаларыңыз Мени тәрк ет-
ти, – дейди Жаратқан Ийе. – Олар
басқа қудайларға ерди, оларға хыз-
мет етип, табынды. Мени таслап
кетти, Нызамыма әмел қылмады.
12 Сизлер болсаңыз, ата-бабалары-
ңыздан да бетер жаманлық қыл-
дыңыз. Маған қулақ салмай, ҳәр
бириңиз қырсықлық пенен жү-
региңиздиң жаманлықларын ис-
леп атырсыз. 13 Соның ушын Мен
сизлерди бул жерден шығарып, өз-
лериңиз де, ата-бабаларыңыз да
билмейтуғын жерге ылақтырып
таслайман. Ол жерде күни-түни
басқа қудайларға хызмет етесиз.
Мен сизлерге реҳим қылмайман».

### Сүргиннен қайтыў

14 «Сондай күнлер келеди, – дей-
ди Жаратқан Ийе, – адамлар енди:
„Израил халқын Мысырдан алып
шыққан Тири Жаратқан Ийе ҳа-
қы ант ишемен“, демейтуғын бо-
лады. 15 Буның орнына, „Израил
халқын арқадан, Өзи қуўып жибер-
ген барлық жерлерден алып шық-
қан тири Жаратқан Ийе ҳақы ант
ишемен“, дейтуғын болады. Себеби
Мен оларды ата-бабаларына бер-
ген жерге қайтарып алып келемен.
16 Мине, Мен көп балықшылар-
ды жиберемен, – дейди Жаратқан
Ийе, – балықшылар оларды тутады.
Буннан кейин, Мен көп аңшыларды
жиберемен. Аңшылар барлық таў,
барлық төбешик ҳәм барлық жар-
таслардың жарықларынан оларды
аўлайды. 17 Олардың барлық жол-
лары Мениң көз алдымда, олар
Меннен жасырына алмайды, қыл-
мыслары да нәзеримнен қаша ал-
майды. 18 Олар жансыз, жеркенишли
бутлары менен жеримди ҳарамла-
ды, Мениң мүлкимди жеркенишли
мүсинлерге толтырды. Сонлықтан
қылмыслары ҳәм гүналары ушын
оларға еки есе қылып қайтараман».

19 Жаратқан Ийе, Сен мениң
күшим ҳәм қорғанымсаң,
Апатшылық күни панамсаң!
Дүньяның төрт тәрепинен
миллетлер,
Сениң алдыңа келип былай
дейди:
«Бизлердиң ата-бабаларымыз
тек жалған қудайларды,
Пайдасыз, жарамсыз бутларды
мийрасқа алды.
20 Адам өзине қудайларды соға ала
ма?
Ақыры, булар Қудай емес-ғо!»

21 «Солай екен, бул рет Мен
оларға сабақ берейин,
Күшимди ҳәм қудиретимди
көрсетип қояйын.

Сонда олар Мениң атымның
Жаратқан Ийе екенин
билип алады».

### Яҳуданың гүнасы

17 1 «Яҳуданың гүнасы темир
қәлем менен жазылды.
Бул олардың жүреклериниң
тахтасына,
Қурбанлық орынның
шақларына,
Шақмақ тас пенен ойып
жазылды.
2 Ҳәр бир бийик төбешиктеги,
Қойыў жапырақлы теректиң
астындағы,
Қурбанлық орынлар менен
кийели ағашларға,
Олардың балалары да
табыныўын даўам етпекте.
3 Жеримдеги таўым үстинде,
Пүткил аймағыңызда қылған
гүналарыңыз ушын,
Мен сениң байлығыңды,
Барлық ғәзийнелеринди,
Сыйыныў орынларың менен
бирге,
Душпанға олжа қылып беремен.
4 Өз айыбың себепли,
Өзиңе берген үлесимнен жуда
боласаң.
Мен сени өзиң билмейтуғын
жердеги,
Душпанларыңа қул қыламан.
Сизлер Мениң ғәзебимди
тутандырдыңыз,
Ол мәңгиге жанады».

5 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Инсанға исенген,
Инсанның күшине сүйенген,
Жүреги Жаратқан Ийеден
алыслаған,
Адамға нәлет жаўсын!
6 Ол шөлдеги путаға мегзейди,
Жақсылық келгенде, оны
көрмейди.
Ол күйдиретуғын шөлде,
Адамсыз дузлы жерде жасайды.

7 Жаратқан Ийеге үмит байлаған,
Оған сүйенген адам қандай
бахытлы!
8 Ол суў жағасына отырғызылған
терекке мегзейди,
Тамырын өзекке қарай жаяды.
Ыссыдан қорқпайды,
Жапырағы бәрқулла жасыл
болады.
Жыл қурғақ келсе де, қайғыға
батпайды,
Мийўе бериўин тоқтатпайды.

9 Адам жүреги ҳәмме нәрседен де
ҳийлекер,
Ҳасла дүзелмейди,
Оған ким түсине алады?

10 Мен, Жаратқан Ийе ҳәр бир
адамның тутқан жолына,
Ислеген ислерине қарай
қайтарыў ушын,
Адамның жүрегине қарайман,
Қәлбин сынайман».

11 Ҳарам байлық жыйнаған адам,
Өзи туўмаған мәйекке курық
басқан кекликке уқсайды.
Өмириниң ортасында байлығы
қолдан кетип,
Ақырында ол ақмақ болып
шығады.

### Еремияның дуўасы

12 Мухаддес Ибадатханамыз –
әзелден көтерилген,

Жаратқан Ийениң салтанатлы
тахты!
13 Жаратқан Ийе, Израилдың
Үмити!
Сени тәрк еткенлердиң
ҳәммеси уятқа қалады.
Сеннен жүз бурғанлардың
атлары,
Қумға жазылғандай жоқ
болады.
Себеби олар тири суў булағын,
Жаратқан Ийени тәрк етти.

14 Шыпа бер маған, Жаратқан Ийе,
саўалайын,
Мени қутқар, қутқарылайын.
Себеби тек Өзиңе алғыс
айтаман.
15 Олар маған: «Жаратқан Ийениң
сөзи қай жерде?
Ол әмелге ассын», – дей береди.
16 Мен хызметиңде шопан
болыўдан қашпадым.
Апатшылық күниниң келиўин
де тилемедим.
Аўзымнан шыққан ҳәр бир
сөзди Өзиң билесең.
Ол сөзлер Сениң алдыңда
айтылған.
17 Мениң ҳүрейимди ушырма,
Апатшылық күни панам
Өзиңсең.
18 Мени қуўғын қылғанлар уятқа
қалсын,
Бирақ мени уятқа қалыўдан
сақлай гөр.
Оларды қорқыўға сал,
Бирақ мени қорқыўдан сақлай
гөр.
Оларға апатшылық күнин
жаўдырып,
Еки есе аўыр соққы берип, жоқ
қыл.

## Шаббат күниниң мухаддеслиги

19 Жаратқан Ийе маған былай
деди:
– Яҳуда патшалары кирип-шыға-
туғын Халық дәрўазасына барып,
сол жерде тур. Соңынан Ерусалим-
ниң басқа дәрўазаларына да ба-
рып тур. 20 Халыққа былай деп айт:
«Мына дәрўазалардан өтетуғын
Яҳуда патшалары, пүткил Яҳуда
халқы ҳәм пүткил Ерусалим тур-
ғынлары, Жаратқан Ийениң сөзин
тыңлаң! 21 Жаратқан Ийе былай
дейди: Егер өмириңизди сақлап
қалмақшы болсаңыз, онда Шаб-
бат күни жүк тасымаң, оны Еру-
салим дәрўазалары арқалы алып
өтпең. 22 Сол күни үйиңизден жүк
шығармаң, ҳеш қандай жумыс ис-
лемең. Мениң ата-бабаларыңызға
буйырғанымдай, Шаббат күнин
мухаддес сақлаң. 23 Деген менен,
ата-бабаларыңыз Мени тыңлама-
ды, қулақ та салмады. Қайсарлық
етип, Мени тыңламады, тәрбиямды
алмады. 24 Бирақ егер сизлер Ма-
ған қулақ салып, – дейди Жаратқан
Ийе, – Шаббат күни бул қаланың
дәрўазаларынан жүк алып өтпесе-
ңиз, ҳеш қандай жумыс ислемей,
Шаббат күнин мухаддес сақласа-
ңыз, 25 онда Даўыттың тахтында
отыратуғын патшалар өз ҳәмелдар-
лары менен арбаларға ҳәм атларға
минип, Яҳуда халқы ҳәм Ерусалим
турғынларын ертип, бул қаланың
дәрўазаларынан киреди. Бул қа-
лада мәңгиге адамлар жасайды.
26 Яҳуда қалаларынан, Ерусалим-
ниң әтирапларынан, Бенямин же-
ринен, батыстағы таў етеклеринен,

таўлы үлкеден, Негебтен адамлар
келип, Жаратқан Ийениң Үйине
жандырылатуғын қурбанлықлары
ры менен басқа қурбанлықларын,
ғәлле садақаларын, хош ийисли түтетки
тетки менен миннетдаршылық қурбанлықларын
банлықларын алып келеди. 27 Егер
де Мени тыңламасаңыз, Шаббат
күни Ерусалим дәрўазаларынан
жүк пенен кирип, мухаддес Шаббат
бат күнин мухаддес сақламасаңыз,
онда қала дәрўазаларына от беремен.
мен. От Ерусалим сарайларын жандырып
дырып жоқ қылады, ол ҳеш қашан
сөнбейди».

### Еремия гүлалшының үйинде

**18** 1 Еремияға Жаратқан Ийеден
ден мынадай сөз түсти:
2 – Тур, гүлалшының үйине бар,
сол жерде Өз сөзимди аян қыламан.
3 Мен гүлалшының үйине барғанымда,
нымда, оның гүлал әсбабын айландырып
дырып жумыс ислеп отырғанын
көрдим. 4 Ылайдан ислеп атырған
ыдысы гүлалшының қолында бузылып
зылып кеткенде, ол сол ылайдан
өзиниң көзине жаққандай басқа
бир ыдысты шығарды.
5 Сол ўақытта Жаратқан Ийеден
маған сөз түсти:
6 – Ҳәй, Израил халқы, мына гүлалшының
лалшының өз ыдысына ислегениндей
дей нәрсени, Мен де сизлерге ислей
алмайман ба? – дейди Жаратқан
Ийе. – Ылай гүлалшының қолында
да қандай болса, Израил халқы,
сизлер де Мениң қолымда сондайсыз.
сыз. 7 Қәлеген ўақытта Мен қандай
да бир миллет ямаса патшалықты
түп-тамыры менен суўырып таслаў,
лаў, қулатыў ҳәм жоқ қылыў туўралы
ралы шешим қабыл ете аламан.
8 Бирақ Мен айтқан сол халық жаўызлықлары
ўызлықлары ушын тәўбе қылса,
оның басына жаўдыратуғын апатшылығымнан
шылығымнан ўаз кешемен. 9 Айтайық,
тайық, Мен бир миллетти ямаса
патшалықты қурып, беккемлеў
туўралы жар салсам, 10 бирақ сол
миллет Мениң нәзеримде жаўыз
болған ислерди қылып, сөзиме қулақ
лақ салмаса, онда Мен оған ислемекши
мекши болған жақсылығымнан
ўаз кешемен.
11 Сонлықтан енди Яҳуда халқы
менен Ерусалим турғынларына айт:
«Жаратқан Ийе былай дейди: Мен
сизлерге бир апатты таярлап, бир
жоба ойлап атырман. Ҳәр бириңиз
жаўыз жолларыңыздан қайтып, исҳәрекетиңизди
ҳәрекетиңизди дүзетиң». 12 Бирақ
олар: «Бизлер ушын әўере болмаң!
Өз нийетимизди иске асыра беремиз,
миз, ҳәр биримиз жаўыз жүрегимиздиң
миздиң қайсарлығы менен ис тута
беремиз», – дейди.

13 Сонлықтан Жаратқан Ийе
былай дейди:
«Миллетлерден сораң,
Буған уқсаған нәрселерди ким
еситипти?
Пәк қыз Израил,
Қорқынышлы ис қылды.
14 Лебанон жартаслы
жанбаўырларындағы,
Қарлар ҳеш ерип, жоқ болар
ма?
Алыс таўлардан ағып келген
муздай суўлар,
Ада болар ма екен?
15 Бирақ Мениң халқым Мени
умытты.
Олар пайдасыз бутларға
түтетки түтетти.

Булар оларды өз жолында
сүрниктирди,
Ески жоллардан адастырды.
Олар туўры жолдан шығып,
Терис жолдан жүрип кетти.
16 Олардың жери қорқынышлы
ҳәм жанды
түршиктиретуғын
көриниске айланады,
Жанынан өткенлердиң жүреги
суўлап,
Басларын шайқайтуғын болады.
17 Шығыс самалы киби,
Оларды душпанларының
алдына шашаман.
Олар апатшылыққа
ушырағанда,
Жүзимди бурып, арқамды
көрсетемен».

### Еремияны өлтириў жобасы

18 Сонда халық:
– Келиң, Еремияға қарсы тил бириктирейик. Руўханийлер үйрететуғын Нызам да, данышпанлардың мәслаҳәти де, пайғамбарлардың сөзлери де бизлерге жетерли. Еремияға қарсы сөйлеп, оның ҳеш бир сөзине қулақ аспайық, – деди.

19 – Жаратқан Ийе, мени тыңла,
Душпанларымның сөзлерин
есит!
20 Неликтен жақсылыққа
жаманлық қайтармақшы?
Олар маған гөр қазды.
Оларға деген ғәзебиңди басыў
ушын,
Олардың ийгилигин гөзлеп,
Алдыңда қалай жалбарынып
турғанымды есиңе ал.
21 Буның ушын, балаларын
ашлыққа ушырат,
Оларды қылыш жүзине тапсыр.
Аналары перзентлеринен
айырылсын,
Ҳаяллары жесир болып қалсын,
Еркеклери әжел тапсын,
Жаслары урыста қылыштан
қаза тапсын.
22 Тосаттан үстине қарақшыларды
жибергениңде,
Үйлеринен дад-пәрияд
еситилсин.
Себеби мени түсириў ушын гөр
қазды,
Аяғымның астына тор таслады.
23 Жаратқан Ийе, Сен олардың
мени өлтириў ушын,
Дүзген барлық жобаларын
билесең.
Олардың айыпларын кеширме,
Гүналарына көз жумба.
Олар Сениң алдыңда қуласын,
Ғәзепленгениңде оларға қарсы
ис тут.

### Сынған гүзе

19 1 Жаратқан Ийе былай деди:
– Барып, гүлалшыдан ылайдан
исленген гүзе сатып ал. Жаныңа
халық ақсақалларынан ҳәм руў-
ханийлердиң жасы үлкенлеринен
алып, 2 Сынған гүзелер деген дәр-
ўаза арқалы шығып, Бен-Ҳинном
ойпатлығына бар. Саған айтпақ-
шы болған сөзлеримди сол жерде
жәрияла. 3 Оларға былай де: «Ҳәй
Яҳуда патшалары менен Ерусалим
турғынлары, Жаратқан Ийениң сө-
зин тыңлаң! Израилдың Қудайы,
Әлемниң Жаратқан Ийеси былай
дейди: Мен бул жерге сондай апат-
шылық алып келемен, ол туўра-
лы еситкен адамның қулақлары

шуўылдайды. 4 Себеби бул халық
Мени тәрк етип, бул жерди ҳарам-
лады. Олар бул жерде өзлери де,
ата-бабалары да, Яҳуда патшала-
ры да билмеген басқа қудайларға
қурбанлық жандырып, бул жер-
ди бийгүна адамлардың қанына
толтырды. 5 Олар Баалға арнап
сыйыныў орынларын қурды ҳәм
өз балаларын отқа жағып, Баал-
ға жандырылатуғын қурбанлық
қылып берди. Мен оларға булай
ислеўди буйырған да, айтқан да
жоқпан, бундай нәрсе қыялыма
да келмеген.
6 Мине, сондай ўақытлар келеди, –
дейди Жаратқан Ийе, – бул жер
артық Тофет яки Бен-Ҳинном ой-
патлығы деп емес, ал Баўызлаў ой-
патлығы деп аталады. 7 Усы жерде
Яҳуда менен Ерусалимниң нийет-
лерин пушқа шығараман. Оларды
душпанлардың қылышына, оларда
қасты барлардың қолына тапсыра-
ман. Денелерин көктеги қусларға
ҳәм жердеги жыртқыш ҳайўан-
ларға жем қыламан. 8 Мен бул қа-
ланы қорқынышлы ҳәм жанды
түршиктиретуғын көриниске ай-
ландыраман. Ол жерден өткен ҳәр
бир адамның жүреги суўлап, апат-
шылықлары себепли естен аўады.
9 Мен бул қаланың турғынларын өз
ул-қызларының етин жеўге мәжбүр
қыламан. Жанын алыўды қәлеген
душпанлар оларды қамалға алған-
да, олар мүтәжликтен бир-бириниң
етин жейди».
10 Сен өзиң менен келгенлер-
диң көз алдында гүзени сын-
дырып, 11 оларға айт: «Әлемниң
Жаратқан Ийеси былай дейди:
Гүлалшының гүзесиниң сынып,
оның қайта дүзетилмейтуғыны
сыяқлы, Мен де бул халықты ҳәм
бул қаланы солай сындыраман.
Тофетте жерлеўге орын қалма-
ғанша, өлилер жерленеди. 12 Мен
бул жерге де, оның турғынлары-
на да солай қыламан, – дейди
Жаратқан Ийе. – Бул қаланы да
Тофеттей қыламан. 13 Ерусалим-
ниң үйлери де, Яҳуда патшалары-
ның сарайлары да Тофет деген
орын сыяқлы ҳарам саналады.
Себеби барлық үйлердиң төбе-
леринде аспан денелерине арнап
хош ийисли түтеткилер түтетил-
ди ҳәм басқа қудайларға арнап
ишимлик садақалары қуйылды».
14 Кейин Еремия Жаратқан Ийе
пайғамбаршылық қылыў ушын
жиберген жеринен, Тофеттен қай-
тып келди. Ол Жаратқан Ийениң
Үйиниң ҳәўлисинде турып, пүткил
халыққа былай деди:
15 – Израилдың Қудайы Әлем-
ниң Жаратқан Ийеси былай дей-
ди: «Олар қайсарлық етип, сөзимди
тыңлаўдан бас тартқаны ушын,
Мен бул қалаға ҳәм оның әтира-
пындағы қалаларға Өзим айтқан
бәлелердиң ҳәммесин жиберемен».

## Еремия ҳәм руўханий Пашхур

20 1 Жаратқан Ийениң Үйи-
ниң бас хызметкери руўха-
ний Иммер улы Пашхур Еремияның
пайғамбаршылық етип усы сөзлер-
ди айтып атырғанын еситти. 2 Паш-
хур Еремия пайғамбарды урып,
Жаратқан Ийениң Үйиниң Жоқарғы
Бенямин дәрўазасы жанында буғаў-
латып қойды. 3 Ертеңине, Пашхур
оны буғаўдан босатқан ўақтында,
Еремия оған былай деди:

– Жаратқан Ийе сени Пашхур деп
емес, ал Магор-Миссабиб[a] деп ата-
ды. 4 Себеби Жаратқан Ийе былай
дейди: «Басыңа түсетуғын ислер
арқалы Мен сени ҳәм ҳәмме дос-
ларыңды қорқынышқа саламан.
Олардың душпан қылышынан
қалай қулағанын өз көзиң менен
көресең. Мен пүткил Яҳуданы Ба-
билония патшасының қолына бере-
мен. Бул патша оларды Бабилонға
сүргин қылады ямаса қылыштан
өткереди. 5 Мен бул қаланың
пүткил байлығын, мал-мүлкин,
қымбатбаҳа затларын, Яҳуда пат-
шаларының барлық ғәзийнелерин
душпанларының қолына беремен.
Оларды талан-тараж етип, Баби-
лонға алып кетеди. 6 Ал Пашхур,
сен ҳәм үйиңде жасайтуғынлар-
дың ҳәммеси Бабилонияға сүргин
қылынасыз. Сен де, өзиң пайғам-
баршылық еткен досларың да сол
жерде өлип, сол жерде жерленесиз».

### Еремияның шағым етиўи

7 Жаратқан Ийе, Сен мени
алдадың,
Мен де алдандым.
Сен меннен күшлисең, мени
жеңдиң.
Ҳәр бир адам үстимнен күлип,
Күни бойы мени мазақлап жүр.

8 Қашан сөйлей басласам, пәрияд
етемен,
«Зорлық ҳәм қырғын болады», –
деп бақыраман.
Жаратқан Ийе, Сениң сөзиң
себепли,
Күн бойы аяқ асты болып,
күлкиге қаламан.
9 Егер ишимнен: «Енди Сен
туўралы ойламайман,
Сениң атыңнан
сөйлемеймен», – десем де,
Сөзлериң жүрегимди от киби,
Сүйеклеримди шоқ киби
өртейди,
Оны ишимде сақлаўдан
шаршадым,
Артық шыдай алмайман.
10 Көплердиң: «Жән-жақты
қорқыныш қаплаған!
Үстинен шағым қылың!
Бизлер де шағым қылайық!» –
деген сыбырлысын
еситемен.
Сырлас досларымның ҳәммеси,
Қулаўымды күтип, көз тигип:
«Бәлким ол алданар, қолға
түсер,
Сонда өшимизди алармыз», –
дейди.
11 Бирақ Жаратқан Ийе, Сен
батыр жаўынгер киби,
Мениң менен биргесең,
Сонлықтан мени қуўғын
қылыўшылар сүрнигип,
Мени жеңе алмайды.
Табысқа ерисе алмай,
Олар қатты уятқа қалады,
Олардың аяқ асты болғаны,
Ҳеш қашан умытылмайды.
12 Әлемниң Жаратқан Ийеси,
ҳақларды сынайтуғын,
Жүрек-қәлибти анық көре
алатуғын Сенсең!
Даўамды исенип Саған
тапсыраман,
Олардан қалай өш алғаныңды
көрсет маған.

---

[a] **20:3** *Магор-Миссабиб* – «қорқынышқа бүркенген» дегенди билдиреди.

13 Жаратқан Ийеге алғыс айтың!
Жаратқан Ийеге қосық айтың!
Жаратқан Ийени алғыслаң!
Себеби жарлының жанын,
Залымлардың қолынан Ол
қутқарады.

14 Мен туўылған күнге нәлет
жаўсын!
Анам мени туўған күн қутлы
болмасын!
15 «Уллы болдың», – деп әкеме
хабар берген,
Оны қуўандырған адамға нәлет
жаўсын!
16 Сол адам Жаратқан Ийе аяўсыз
қырған,
Қалаларға[a] уқсасын.
Ол таң азанда аҳыў-нала,
Түсте урыс сүренин еситсин.
17 Өйткени ол анамның
қурсағында мени
өлтирмеди.
Сонда анам мениң қәбирим
болар еди,
Оның қурсағы мәңгиге ҳәмиле
менен қалар еди.
18 Мен не ушын қурсақтан шыққан
екенмен?
Азап ҳәм қайғыны бастан
кеширип,
Шерменделик пенен өмир
сүриў ушын ба?

### Жаратқан Ийениң Ерусалимге қарсы шығыўы

21 [1] Патша Седекия Малкия
улы Пашхур менен Маа-
сея улы руўханий Сефанияны
Еремияға жибергенде, Еремияға
Жаратқан Ийеден сөз түсти. Паш-
хур менен Сефания Еремияға:
[2] – Бабилония патшасы На-
буходоносор бизлерге урыс аш-
ты. Сол себепли бизлер ушын
Жаратқан Ийеге жалбарын. Бәл-
ким, Жаратқан Ийе бизлер ушын
бурынғыдай әжайып кәраматла-
рынан бирин көрсетип, Набуходо-
носор елимизден шегинер, – деди.
[3] Еремия оларға Седекияға мы-
наны айтып барыўды тапсырды:
[4] – Израилдың Қудайы Жаратқан
Ийе былай дейди: «Сизлердиң
сыртқы дийўалларыңызды қамал
қылған Бабилония патшасына ҳәм
калдейлерге қарсы қолланып атыр-
ған қолларыңыздағы қуралларды
өзлериңизге қарсы бураман. Олар-
дың ҳәммесин бул қаланың орта-
сына топлайман. [5] Күшли билегим
ҳәм созылған қолым мениң ашыў-
ға, қәҳәрге ҳәм ғәзепке минип, Ме-
ниң Өзим сизлерге қарсы урысаман.
[6] Мен бул қалада жасаўшылардың
ҳәммесин: адамларды да, ҳайўан-
ларды да жоқ қыламан. Олар қор-
қынышлы иллеттен қырылады.
[7] Буннан кейин, – дейди Жаратқан
Ийе, – Яҳуда патшасы Седекияны,
оның ҳәмелдарларын, бул қаланың
турғынларын, яғный иллеттен, қы-
лыштан ҳәм ашлықтан аман қал-
ғанларының ҳәммесин Бабилония
патшасы Набуходоносордың ҳәм
жанын алыўды қәлеген душпан-
ларының қолына тапсыраман. На-
буходоносор оларды қылыштан
өткереди, оларға реҳим етпейди,
жаны ашымайды, аямайды».

---

a **20:16** Жар 18:16–19:28.

8 Бул халыққа айт: «Жаратқан
Ийе былай дейди: Мине, Мен өмир
жолы менен өлим жолын усына-
ман. 9 Бул қалада қалған ҳәр бир
адам қылыштан, ашлықтан ҳәм
иллеттен өледи, ал қаладан шы-
ғып, өзлерин қамал қылып тур-
ған калдейлерге тәслим болған ҳәр
бир адам болса, жанын қутқарып,
өмирин сақлап қалады. 10 Мен бул
қалаға жақсылық қылыў ушын
емес, – дейди Жаратқан Ийе, – ал
апатшылық келтириў ушын бет
бурдым. Қала Бабилония патша-
сының қолына бериледи, ол қала-
ға от қояды».
11 Яҳуда патшасының үй-иши-
не айт: «Жаратқан Ийениң сөзин
тыңлаң! 12 Ҳәй, Даўыттың нәсили,
Жаратқан Ийе былай дейди:

Ҳәр күни азанда әдалатты
жүзеге асырың,
Жәбирленгенди залымның
қолынан азат етиң.
Болмаса, қылған
жаўызлықларыңыз
себепли,
Ғәзебим оттай лаўлап жанады,
Оны ҳеш ким сөндире алмайды.
13 Ҳәй, ойпатлықтағы бийик
жартас,
Тегислик үстиндеги Ерусалим!
Мен саған қарсыман!
– дейди Жаратқан Ийе. –
Сизлер: „Ким жоқарыдан асып
түсип, бизге қарсы шыға
алады?
Ким қорғанымызға кире
алады?“ – дейсизлер.
14 Мен сизлерди ис-ҳәрекетиңизге
жараса жазалайман,
– дейди Жаратқан Ийе. –
Тоғайларыңызға от беремен,
От әтирапыңыздағылардың
ҳәммесин жалмайды».

# 22

1 Жаратқан Ийе маған бы-
лай деди:
– Яҳуда патшасының сарайына бар
да, мына сөзди оған аян ет: 2 «Ҳәй,
Даўыттың тахтында отырған Яҳу-
да патшасы, сен, ҳәмелдарларың
ҳәм бул дәрўазадан өтетуғын хал-
қың, Жаратқан Ийениң сөзин тың-
лаң! 3 Жаратқан Ийе былай дейди:
Әдалатты ҳәм туўрылықты жүзеге
асырың. Тоналғанды езиўшиниң
қолынан азат етиң. Келгиндиге, же-
тимге ҳәм жесирге наҳақлық қыл-
маң ҳәм азар бермең. Бул жерде
айыпсыз қан төкпең. 4 Егер бул буй-
рықты муқыят орынласаңыз, онда
Даўыттың тахтында отырған пат-
шалар атларға ҳәм арбаларға минип,
олардың өзлери де, хызметкерлери
де, халқы да усы сарай дәрўазала-
рынан киреди. 5 Егер бул буйрықты
орынламасаңыз, тирилигим ҳақы
ант ишемен, – дейди Жаратқан Ийе, –
бул сарай қарабақанаға айланады.
6 Себеби Жаратқан Ийе Яҳуда
патшасының сарайы туўралы бы-
лай дейди:

Сен Мениң көзиме Гиладтай,
Лебанонның шыңындайсаң.
Бирақ Мен сени шөл далаға,
Адамсыз қалаға айландыраман.
7 Саған қуртыўшыларды
жиберемен,
Ҳәр бириниң қолында қуралы
бар,
Олар сениң сарайыңа қолланған
кедр ағашларыңды,
Отқа ылақтырады.

[8] Көп миллетлер бул қала жа-
нынан өткенде, бир-бирине: „Бул
уллы қаланы Жаратқан Ийе не
ушын бундай қылды екен?“ – дей-
ди. [9] Оларға былай деп жуўап бе-
риледи: „Олар өзлериниң Қудайы
Жаратқан Ийениң келисимин бу-
зып, басқа қудайларға табынып,
оларға хызмет етип кетти“».

**Шаллум патша туўралы билдириў**

10 Өлген патша ушын жоқлаў
айтпаң, ол ушын аза
тутпаң,
Жақсысы, тутқын болған
патша ушын жылаң,
Ол қайтып келмейди,
Ана журтын көрмейди.

[11] Әкеси Иошияның орнына
Яҳуданың патшасы болған ҳәм ол
жерден шығып кеткен Иошия улы
Шаллум[а] туўралы Жаратқан Ийе
былай дейди:
«Ол бул жерге қайтып келмейди.
[12] Ол тутқын қылып алып барыл-
ған жеринде өледи ҳәм артық бул
жерди көрмейди».

**Еҳоякин патша туўралы билдириў**

13 Сарайын әдалатсызлық пенен,
Жоқарғы бөлмелерин
нызамсызлық пенен салған,
Жақын адамларын ешейин
жумсап,
Мийнет ҳақысын бермеген
ҳәсирет шегеди!
14 «Жоқарғы бөлмелерин кең
қылып,
Өзим ушын зәўлим сарай
саламан», – дейди биреў.
Оған көп айналар қойып,
Кедр ағашы менен қаплап,
Оны қызыл реңге бояйды.

15 Кедр ағашын көп қолланған
менен,
Патша болып қаласаң ба?
Әкең тойып ишип-жегени
менен,
Әдил ҳәм туўры ислерди иследи,
Сонлықтан ислери табыслы
болды.
16 Ол жарлы ҳәм бийшараның
ҳуқықын қорғады,
Сол себепли абадан турмыс
кеширди.
Мени таныўдың мәниси усы
емес пе?
– дейди Жаратқан Ийе. –
17 Бирақ сениң көзиң ҳәм жүрегиң,
Ҳарам пайданы, айыпсыз қан
төгиўди,
Зулым ҳәм зорлық қылыўды
қәлейди.

[18] Сонлықтан Жаратқан Ийе Яҳу-
да патшасы Иошия улы Еҳояким
туўралы былай дейди:

«Ўай-ўай, туўысқаным! Ўай-ўай,
баўырым!» – деп,
Ол ушын жоқлаў айтылмайды.
«Ўай-ўай, мырзам! Ўай-ўай,
тақсырым!» – деп,
Ол ушын жоқлаў айтып
жыламайды.
19 Оның өлигин Ерусалим
дәрўазасынан сыртқа
шығарып таслап,

а **22:11** *Шаллум* – Еҳоахаздың басқа аты. 4Пат 23:30 қараң.

Ешектиң өлигин көмгендей
етип жерлейди.

### Ерусалим туўралы билдириў

20 Ерусалим, Лебанонға шығып,
пәрияд ет.
Даўысың Башаннан еситилип
турсын,
Таўлы Абарим жерлеринен
пәрияд ет,
Себеби барлық ойнасларың
қырылды.
21 Абаданшылықта болғаныңда
саған ескерттим,
Бирақ сен: «Мен
тыңламайман», – дедиң.
Жаслығыңнан солай ислеп,
Мени ҳеш тыңламадың.
22 Барлық басшыларыңды самал
ушырып кетеди,
Аўқамласларыңды сүргин
қылып алып кетеди.
Сонда ислеген зулымлықларың
ушын,
Уятқа қалып, шерменде
боласаң.
23 Ҳәй, Лебанонда жасап,
Оның кедрине уя салған!
Туўып атырған ҳаялдың
толғағы сыяқлы,
Сени шаншыў тутқанда,
азаптан ыңырсыйсаң!

### Ехонияның жазаланыўы

24 Өз тирилигим ҳақы ант ише-
мен, – дейди Жаратқан Ийе, – Ҳәй,
Яҳуда патшасы Еҳоякимниң улы
Ехония[a], ҳәтте, сен оң қолымда-
ғы мөр жүзигим болсаң да, се-
ни шығарып ылақтырған болар
едим. 25 Мен сени жаныңда қасты
барлардың ҳәм өзиң қорқатуғын-
лардың, Бабилония патшасы Набу-
ходоносордың ҳәм калдейлердиң
қолына тапсыраман. 26 Сени ҳәм
сени туўған анаңды киндик қаның
тамбаған өзге бир журтқа ылақты-
раман. Сизлер сол жерде өлесиз.
27 Сизлер бул жерге қайтып келиў-
ди әрман қыласыз, бирақ қайтып
келе алмайсыз.

28 Мына адам – Ехония сынық
гүзеге,
Керексиз буйымға айланып
қалған ба?
Не ушын ол ҳәм оның
балалары қуўылып,
Өзлери билмейтуғын жерге
ылақтырып тасланды?

29 Ҳәй елим, елим, елим,
Жаратқан Ийениң сөзин тыңла!
30 Жаратқан Ийе былай дейди:
Бул адамды зүрядсыз,
Өмиринде иси келиспеген адам,
деп жазып қой.
Себеби енди оның нәсилинен
ҳеш бириниң жолы болмас.
Ҳеш бири Даўыттың тахтына
отырмас,
Яҳудада ҳүкимдарлық қылмас.

### Әдил шақа

23 1 Жайлаўымдағы қойлар-
ды набыт қылып, тарқа-
тып жиберген шопанлар ҳәсирет
шегеди! – дейди Жаратқан Ийе.
2 Сонлықтан Израилдың Қудайы
Жаратқан Ийе Өз халқын баққан
шопанлар ҳаққында былай дей-
ди: «Сизлер Мениң сүриўимди

---

a **22:24** *Ехония* – Еҳоякинниң басқа аты. 4Пат 24:6 қараң.

дағыттыңыз, оларды тарқатып
жиберип, ғамхорлық қылмады-
ңыз. Мен сизлерди жаўыз исле-
риңиз ушын жазалайман, – дейди
Жаратқан Ийе. 3 – Сүриўимнен
аман қалғанларын Өзим қуўып жи-
берген барлық еллерден жыйнап,
қайтадан жайлаўларына алып ке-
лемен. Олар сол жерде көбейип,
өсип-өнеди. 4 Мен олардың үсти-
нен оларды бағатуғын шопанларды
қояман. Олар енди қорқып, қәўе-
терге түспейди ҳәм жойтылмай-
ды, – дейди Жаратқан Ийе.

5 Мине, сондай күнлер келеди,
– дейди Жаратқан Ийе, –
Даўыттың нәсилинен әдил бир
шақаны шығараман.
Сол патша тахтқа отырып,
даналық пенен басқарады,
Жер жүзинде әдалат ҳәм
туўрылық ҳүкимдарлық
қылады.
6 Сол күнлерде Яҳуда
қутқарылады,
Израил қәўипсизликте
жасайды.
Оны „Жаратқан Ийе –
әдиллигимиз“, деп атайды.

7 Сонлықтан сондай күнлер ке-
леди, – дейди Жаратқан Ийе, – ар-
тық: „Израилды Мысырдан алып
шыққан тири Жаратқан Ийе ҳақы
ант ишемен“, – деп айтылмайды.
8 Ал: „Израил халқын арқадағы
еллерден ҳәм Өзи қуўып жиберген
басқа барлық еллерден алып шық-
қан тири Жаратқан Ийе ҳақы ант
ишемен“, – деп айтылатуғын бо-
лады. Солай етип, олар өз жерле-
ринде жасайды».

**Жалған пайғамбарлар туўралы**

9 Пайғамбарлар ҳаққында:
Жүрегим ишимде парра-парра
болды,
Пүткил сүйеклерим
қалтырайды.
Жаратқан Ийе себепли,
Оның мухаддес сөзи себепли,
Мен мәс адам киби,
Шарапқа жеңилген адам киби
болдым.
10 Жер бузықларға толы,
Ел нәлет зардабынан аза
тутпақта.
Шөлдеги жайлаўлар күйип
кеткен.
Адамлар жаман жолға түсип,
Күшлерин наҳақлыққа
қолланбақта.

11 «Пайғамбарлар да,
руўханийлер де иплас,
Ҳәтте, олардың
жаманлықларын,
Өз Үйимде де көрдим,
– дейди Жаратқан Ийе. –
12 Сонлықтан жүрген жоллары
оларға,
Қараңғылықтағы тайғақ
жолдай болады.
Сол жерде сүрнигип,
жығылады.
Себеби оларды жазалайтуғын
жылда,
Олардың басына апатшылық
жаўдыраман,
– дейди Жаратқан Ийе. –
13 Самария пайғамбарлары
арасында,
Мен мына жеркенишли исти
көрдим:

Олар Баалдың атынан
пайғамбаршылық етип,
Халқым Израилды жолдан
азғырды.
14 Ал Ерусалим пайғамбарлары
арасында,
Буннан да қорқынышлырақ
исти көрдим.
Олар бузықшылық етип,
жалғанға ерип,
Жаманлық қылғанларды
қоллап атыр.
Сонлықтан ҳеш ким
жаманлықтан қол үзбейди.
Олардың ҳәммеси Мен ушын
Содомдай,
Оның турғынлары Гоморадай[a]
болып кетти».

15 Соның ушын, пайғамбарлар
ҳаққында Әлемниң Жаратқан Ийе-
си былай дейди:
«Мен бул халыққа ашшы
жуўсан жегизип,
Зәҳәрли суў ишкиземен.
Өйткени Ерусалим
пайғамбарларының
ипласлығы,
Пүткил жер жүзине жайылды».

16 Сонлықтан Әлемниң Жаратқан
Ийеси былай дейди:
«Пайғамбарлар сизлерге
сөйлегенде, қулақ салмаң,
Олар сизлерди босқа
үмитлендиреди.
Олар Мениң сөзлеримди емес,
Өзлери қыял еткен аянларды
айтып жүр.
17 Олар Мениң сөзимди ҳүрмет
етпейтуғынларға,
„Жаратқан Ийе: Сизлерде
парахатшылық болады, –
деп айтты“, – дейди.
Жүреклериниң қайсарлығы
менен жасайтуғынлардың
ҳәммесине:
„Апат келмейди“, – дейди».

18 Ким Жаратқан Ийениң
кеңесинде қатнасыпты?
Ким Оны көрип, сөзин еситипти?
19 Мине, Жаратқан Ийениң ғәзеби
даўылдай дүбеп,
Қуйын сыяқлы залымлардың
басына дөнеди.
20 Жүректеги нийетин толық иске
асырмағанша,
Жаратқан Ийениң ғәзеп оты
сөнбейди.
Сизлер буны ўақты келгенде
анық түсинесиз.

21 «Бул пайғамбарларды Мен
жибермедим,
Олардың өзлери ортаға
шығыўға асықты.
Мен ҳеш нәрсе айтпасам да,
Олар пайғамбаршылық ете
берди.
22 Егер олар Мениң кеңесимде
болғанда,
Халқыма Мениң сөзлеримди
айтып,
Оларды жаман жолларынан,
Жаўызлықларынан қайтарған
болар еди.

23 Мен тек жақын жерде ғана
Қудай болып,
Алыста Қудай емеспен бе?
– дейди Жаратқан Ийе. –

---

a **23:14** Жар 18:16–19:28.

24 Қупыя жерге жасырынғанды,
Мени көрмейди деп ойлайсыз ба?
– дейди Жаратқан Ийе. –
Аспан менен жерди Мен
толтырмайман ба?
– дейди Жаратқан Ийе.

25 Мениң атымнан жалған пай-
ғамбаршылық еткен пайғам-
барлардың не айтып жүргенин
еситтим. Олар: „Мен түс көрдим!
Мен түс көрдим!“ – дейди. 26 Өти-
рик пайғамбаршылықты айтып, өз
қыялларын жәриялайтуғын пай-
ғамбарлардың жүректеги жалған
ой-қыяллары қашанға дейин да-
ўам етеди? 27 Ата-бабалары Баал-
ға табыныў арқалы Мениң атымды
умытқаны сыяқлы, олар да бир-
бирине айтқан түслери арқалы
халқыма Мениң атымды умыт-
тырмақшы болады. 28 Түс көрген
пайғамбар түсин айтсын, ал Мениң
сөзимди еситкен, оны садық баян
етсин. Кепек пенен дәнниң ара-
сында үлкен айырмашылық бар –
дейди Жаратқан Ийе. 29 – Мениң
сөзим жалынға, – дейди Жаратқан
Ийе, – жартасты майдалайтуғын
шөккишке уқсамай ма? – дейди
Жаратқан Ийе.
30 – Соның ушын, – дейди Жаратқан
Ийе, – Мен бир-биринен сөзимди
урлаған пайғамбарларға қарсыман.
31 – Аўа, Мен өз сөзлерин айтып,
„Жаратқан Ийе айтты“, дейтуғын
пайғамбарларға қарсыман, – дей-
ди Жаратқан Ийе. 32 – Аўа, Мен
жалған түслер менен пайғамбар-
шылық ететуғынларға қарсыман, –
дейди Жаратқан Ийе. – Олар өз
түслерин айтып, жалған сөзлери
ҳәм бос үгитлери менен Мениң
халқымды жолдан азғырады. Олар-
ды Мен жибермедим, оларға Мен
тапсырма бермедим. Олардың бул
халыққа ҳасла пайдасы жоқ, – дей-
ди Жаратқан Ийе».

## Жалған пайғамбарлардың жалған пайғамбаршылығы

33 «Егер сеннен бул халық, пай-
ғамбар ямаса руўханий: „Жаратқан
Ийе саған қандай аўыр пайғамбар-
шылық жүкледи?“ – деп сораса,
сен оларға: „Сизлердиң өзлериңиз
Маған жүксизлер. Мен сизлерди
тәрк етемен, – дейди Жаратқан
Ийе“ – деп жуўап бер. 34 Егер бир
пайғамбар, руўханий ямаса халық
ишинен бири: „Бул Жаратқан Ийе-
ниң пайғамбаршылық жүги“, – де-
се, онда Мен сол адамды ҳәм оның
үй-ишин жазалайман. 35 Сизлер
бир-бириңизге ҳәм туўысқан ту-
ўысқанға: „Жаратқан Ийе не деп
жуўап берди? Ямаса Жаратқан Ийе
не деди?“ – деп айтыңлар. 36 Би-
рақ буннан былай: „Жаратқан
Ийениң пайғамбаршылық жү-
ги“, – деген сөзди қолланбаң. Се-
беби ҳәр кимниң өз сөзи өзине жүк
болады. Бул арқалы сизлер тири
Қудайдың, Қудайымыз Әлемниң
Жаратқан Ийесиниң сөзин бур-
малап таслайсыз. 37 Пайғамбардан
тек: „Жаратқан Ийе саған не деп
жуўап берди? Ямаса Жаратқан Ийе
не деди?“ – деп сораңлар. 38 Егер
сизлер: „Жаратқан Ийеден келген
жүк“, – деп айта беретуғын бол-
саңыз, онда Жаратқан Ийе сиз-
лерге былай дейди: Мен сизлерге:
„Жаратқан Ийениң пайғамбаршы-
лық жүги“, – деген сөзди айтпаўды
буйырсам да, сизлер „Жаратқан

Ийеден келген жүк“, – деген сөзди және айттыңыз. [39] Сонлықтан Мен жоқарыға көтерип, сизлерди өзлериңизге ҳәм ата-бабаларыңызға берген қала менен бирге дәргайымнан ылақтырып таслайман. [40] Мен сизлерди мәңгиге уятқа қойып, мәңгиге умытылмайтуғын шерменделикке қалдыраман».

## Еки себет әнжир

**24** [1] Бабилония патшасы Набуходоносор Яҳуда патшасы Еҳоякимниң улы Ехонияны, Яҳуданың басшыларын, өнерментшилери менен темиршилерин Ерусалимнен Бабилонға тутқын етип алып кеткеннен соң, Жаратқан Ийе маған Ибадатхананың алдына қойылған еки себет әнжирди көрсетти. [2] Бир себетте ерте писер жүдә жақсы әнжирлер, екиншисинде жеўге жарамсыз жаман әнжирлер бар еди.

[3] Жаратқан Ийе маған:

– Еремия, не көрип турсаң? – деп сорады. Мен:

– Әнжир. Жақсысы жүдә жақсы, ал жаманы сондай жаман, ҳәтте, жеўге де болмайды, – деп жуўап бердим.

[4] Сонда маған Жаратқан Ийеден мынадай сөз түсти: [5] «Израилдың Қудайы Жаратқан Ийе былай дейди: Бул жерден калдейлердиң жерине Мен жиберген Яҳуда тутқынларын усы жақсы әнжирлер деп есаплайман. [6] Олардың ийгилиги ушын, нәзерим оларда болады. Оларды усы жерге қайтараман. Оларды аяққа турғызаман, қулатпайман, отырғызаман, қопарып тасламайман. [7] Мен оларға Жаратқан Ийе екенимди танып билетуғын жүрек беремен. Олар Мениң халқым, Мен олардың Қудайы боламан. Себеби олар шын жүректен Маған қайтады.

[8] Мен Яҳуда патшасы Седекияны, оның басшыларын, бул жерде Ерусалимниң аман қалғанларын ҳәм Мысыр жерине көшип қоныс басқанларды мына жеўге болмайтуғын әнжирлерге уқсатаман, – дейди Жаратқан Ийе. [9] – Мен олардың басына сондай апатшылық саламан, буны көрген жер бетиндеги барлық патшалықлардың ҳүрейи ушады. Сүргин қылған жерлеримниң ҳәммесинде олар насаққа қалып, әпсанаға айланады, масқара болып, аты ғарғыста қолланылатуғын болады. [10] Өзлерине ҳәм ата-бабаларына берген жеримнен жоқ болғанша, олардың үстине қылыш, ашлық ҳәм иллет дөндиремен».

## Жетпис жыллық сүргин

**25** [1] Яҳуда патшасы Иошияның улы Еҳоякимниң патшалығының төртинши жылы, Бабилония патшасы Набуходоносордың патшалығының биринши жылы Еремияға пүткил Яҳуда халқы ҳаққында аян болды. [2] Пайғамбар Еремия буны пүткил Яҳуда халқына ҳәм Ерусалим турғынларына жеткерип, былай деди:

[3] – Мине, жигирма үш жылдан бери, Яҳуда патшасы Амон улы Иошияның патшалығының он үшинши жылынан, усы күнге дейин Жаратқан Ийениң сөзи маған түсти. Мен оларды сизлерге қайта-қайта айттым, бирақ сизлер тыңламадыңыз. [4] Жаратқан Ийе Өз

қуллары болған пайғамбарларды
сизлерге қайта-қайта жиберсе де,
оларға қулақ салмадыңыз, итибар
да бермедиңиз. 5 Олар арқалы сиз-
лерге былай деди: «Енди ҳәр бири-
ңиз жаўыз жолдан, натуўры ислер
қылыўдан бас тартың. Сонда Мен
өзлериңизге ҳәм ата-бабаларыңыз-
ға берген жерде мәңги-бақый мәкан
басасыз. 6 Басқа қудайларға ермең,
хызмет етпең ҳәм табынбаң. Қолла-
рыңыз бенен ислеген бутлар менен
ғәзебимди келтирмең. Сонда Мен
де сизлерге зыян келтирмеймен».
7 «Бирақ сизлер Мени тыңламай, –
дейди Жаратқан Ийе, – қоллары-
ңыз бенен ислеген бутларыңыз
себепли ғәзебимди келтирдиңиз
ҳәм өзиңизге зыян жеткиздиңиз».
8 Сонлықтан Әлемниң Жаратқан
Ийеси былай дейди: «Мениң сөз-
леримди тыңламағаныңыз ушын,
9 Мен арқадағы барлық халықларды
ҳәм Бабилония патшасы болған қу-
лым Набуходоносорды шақыраман, –
дейди Жаратқан Ийе. – Оларды бул
жердиң пүткил турғынларына ҳәм
айналасындағы барлық миллетлер-
ге қарсы атландыраман. Бул халық-
ларды пүткиллей жоқ қыламан ҳәм
жерин мәңгиге қаңыратып таслай-
ман. Оларды көргенлердиң жүреги
суўлап, жаны түршигеди. 10 Оларды
қуўаныш ҳәм шадлықтан жуда қы-
ламан, келин-күйеўдиң тойының
сести еситилмейди, дигирман сести
де тынады, шырағы сөнеди. 11 Пүт-
кил ел қаңырап, қорқынышлы кө-
риниске айланады. Бул миллетлер
жетпис жыл Бабилония патшасына
хызмет етеди.
12 Жетпис жыл өткеннен кейин
Мен Бабилония патшасын, оның
халқын ҳәм калдейлердиң елин
қылған қылмысы ушын жазалап, –
дейди Жаратқан Ийе, – жерин мәң-
гиликке шөл далаға айландыраман.
13 Мен сол жерге қарсы айтқан-
ларымның ҳәммесин, бул китап-
та жазылғанлардың ҳәммесин,
яғный Еремияның пүткил мил-
летлер туўралы айтқан пайғам-
баршылықларын әмелге асыраман.
14 Көп миллетлер ҳәм уллы патша-
лар оларды қул қылады. Мен олар-
ға ис-ҳәрекетине ҳәм қолларының
исине сай қайтараман».

**Жаратқан Ийениң ғәзеп кесеси**

15 Израилдың Қудайы Жаратқан
Ийе маған былай деди:
– Мына Мениң қәҳәримниң ша-
рабына толған кесени қолымнан
ал да, Мен сени жиберетуғын мил-
летлердиң ҳәммесине оны ишкиз.
16 Олар сол кеседен ишип, тенти-
реклейди ҳәм ақылын жойтады.
Аўа, Мен оларға қылыш жиберемен.
17 Мен кесени Жаратқан Ийениң
қолынан алып, Жаратқан Ийе ме-
ни жиберген миллетлердиң ҳәм-
месине оннан ишкиздим. 18 Бүгин
болғаны киби ўайран болсын, қор-
қынышлы жәнe жанды түршик-
тиретуғын көриниске айлансын
ҳәм нәлет жаўсын деп, Ерусалимге,
Яҳуда қалаларына, оның патша-
лары менен басшыларына ишкиз-
дим. 19 Сондай-ақ Мысыр патшасы
фараонға, оның хызметкерлерине,
басшыларына ҳәм пүткил халқына,
20 Мысырда жасап атырған барлық
келгиндилерге, Ус жериниң барлық
патшаларына, Филист жериндеги:
Ашкелон, Газа, Экрон патшаларына

ҳәм Ашдодтың аман қалғанлары-
ның патшасына, 21 Эдомға, Моабқа
ҳәм аммонларға, 22 Тирдиң барлық
патшаларына, Сидонның барлық
патшаларына, теңиз жағалаўла-
рындағы ҳәм атаўлардағы патша-
ларға, 23 Деданға, Темаға, Бузға ҳәм
тулымшақларын кесип жүрету-
ғынлардың ҳәммесине, 24 барлық
Арабстан патшаларына ҳәм шөлде
жасайтуғын аралас қәўимлердиң
барлық патшаларына, 25 Зимрий-
диң, Эламның ҳәм Мидияның бар-
лық патшаларына, 26 узақ-жақын
жердеги барлық арқа патшаларына
ҳәм жер бетиндеги барлық патша-
лықларға нәўбетпе-нәўбет ишкиз-
дим. Булардың ҳәммесинен кейин,
Шешах[a] патшасы да ишеди.

27 – Соңынан оларға айт: «Изра-
илдың Қудайы Әлемниң Жаратқан
Ийеси былай дейди: Ишип, мәс бо-
лың, қусың ҳәм өзлериңизге жи-
беретуғын қылышымнан қайтып
турмайтуғындай болып қулаң».
28 Егер олар сениң қолыңнан кесени
қабыл қылып, ишиўден бас тартса,
оларға айт: «Әлемниң Жаратқан
Ийеси былай дейди: Сөзсиз ише-
сиз! 29 Мине, Мен Өз атым менен
аталған қалаға апат жибериўди
басладым. Сизлер жазасыз қала-
ман деп ойлайсыз ба? Жазасыз қал-
майсыз, себеби Мен жер бетинде
жасап атырған ҳәр бир адамға қы-
лыш жиберемен, – дейди Әлемниң
Жаратқан Ийеси».

30 Сонлықтан мына сөзлердиң
ҳәммесин оларға пайғамбаршы-
лық етип айт:

«Жаратқан Ийе жоқарыдан
гүркиреп,
Мухаддес мәканынан саза
береди.
Өз жайлаўындағы халқына бар
даўысы менен гүркирейди.
Пүткил жер бети
турғынларына қарсы,
Жүзим басқылағанның
бақырғанындай
бақырады.
31 Ақырыўы жер бетиниң
ушларына жетеди,
Себеби Жаратқан Ийениң
миллетлерге даўасы бар.
Ол пүткил адамзатқа ҳүким
шығарып,
Залымларды қылыштан
өткереди, – дейди
Жаратқан Ийе.

32 Әлемниң Жаратқан Ийеси
былай дейди:
Қараңлар, апат халықтан
халыққа өтпекте.
Жер бетиниң шетинен,
Қорқынышлы даўыл турмақта.

33 Сол күни Жаратқан Ийениң
өлтиргенлери жердиң бир шетинен
екинши шетине дейин жайрап қа-
лады. Оларға жоқлаў айтылмайды,
жыйнап алынбайды, жерленбейди,
тезек сыяқлы шашылып жатады.
34 Шопанлар жылап, дад-пәрияд
қылың!
Сүриўдиң басшылары, күлге
аўнаң!
Сизлердиң баўызланып,
тарқатылатуғын күниңиз
келди,

---

a **25:26** *Шешах* – Бабилонияның шәртли белгилер тәртиби менен жазылған атамасы.

Қулатылып, қымбатбаҳа ыдыс
сыяқлы сындырыласыз.
35 Шопанлар қаша алмас,
Сүриў басшылары қутылып
кетпес.
36 Шопанлардың пәрияд еткен
даўысы,
Сүриў басшыларының еңиреп
жылағанлары еситилип тур.
Жаратқан Ийе олардың
жайлаўларын жайпап
таслап атыр.
37 Жаратқан Ийениң лаўлаған
ғәзеби себепли,
Тыныш жайлаўлар набыт
болмақта.
38 Ол арыслан дай болып ининен
шықты.
Оның лаўлаған ғәзебинен,
Басқыншылардың қылышынан,
Олардың жери қаңырап бос
қалады».

## Халық Еремияны өлтирмекши

26 1 Яҳуда патшасы Иошия-
ның улы Еҳоякимниң пат-
шалығының басында Еремияға
Жаратқан Ийениң сөзи аян болды.
2 Жаратқан Ийе былай деди:
– Мениң Үйимниң ҳәўлисине ба-
рып тур да, Яҳуда қалаларынан
сыйыныў ушын сол жерге келген-
лердиң ҳәр бирине саған айтыўды
буйырған сөзлеримниң бирде би-
реўин қалдырмай, ҳәммесин айт.
3 Олар қулақ салып, ҳәр бири жа-
ман жолынан қайтыўы мүмкин.
Сонда Мен ырайымнан қайтып,
олардың жаўыз ислери ушын жаў-
дырмақшы болған апатты жибер-
меймен. 4 Оларға айт: «Жаратқан
Ийе былай дейди: Егер сизлер Мени
тыңламасаңыз ҳәм өзлериңизге
берген Нызамымды орынламаса-
ңыз, 5 қайта-қайта жиберген қулла-
рым болған пайғамбарларымның
сөзлерине қулақ аспаўды даўам ет-
сеңиз, 6 онда Мен бул Үйди Шило
сыяқлы жоқ қыламан. Бул қаланы
болса, жер жүзиниң пүткил мил-
летлери ушын нәлетий қыламан».
7 Руўханийлер, пайғамбарлар ҳәм
пүткил халық Жаратқан Ийениң
Үйинде Еремияның айтқан бул сөз-
лерин еситти. 8 Еремия Жаратқан
Ийениң пүткил халыққа айт деп
өзине буйырған сөзлериниң ҳәмме-
син айтып болыўдан, руўханийлер,
пайғамбарлар ҳәм пүткил халық
Еремияны тутып алып:
– Сен сөзсиз өлесең! 9 Неге сен:
«Бул Үй Шилодай болады, ал бул
қала адамсыз қарабақанаға айла-
нады», – деп, Жаратқан Ийениң
атынан пайғамбаршылық етесең? –
деди. Жаратқан Ийениң Үйинде
пүткил халық Еремияның айна-
ласына топланды.
10 Яҳуда басшылары буны есит-
кенде, олар патшаның сарайынан
Жаратқан Ийениң Үйине келди
ҳәм Жаратқан Ийениң Үйиниң Та-
за дәрўазасының кирер аўзындағы
өз орынларына отырды. 11 Сонда
руўханийлер менен пайғамбарлар
басшыларға ҳәм пүткил халыққа:
– Өз қулақларыңыз бенен есит-
кениңиздей, бул адам усы қалаға
қарсы пайғамбаршылық қылды.
Сонлықтан бул адам өлим жаза-
сына ылайықлы! – деди.
12 Сонда Еремия барлық басшылар-
ға ҳәм пүткил халыққа былай деди:
– Жаратқан Ийе мени бул Үй
ҳәм қала ҳаққында жаңа еситкен

сөзлериңизди пайғамбаршылық
етиў ушын жиберди. 13 Енди жол-
ларыңызды ҳәм ислериңизди дүзе-
тип, Қудайыңыз Жаратқан Ийеге
қулақ салың. Сонда Жаратқан Ийе
де ырайынан қайтып, сизлерге
жиберемен деген апатын жибе-
риўден ўаз кешеди. 14 Маған кел-
сек, мен сизлердиң қолыңыздаман,
көзиңизге не жақсы ҳәм дурыс бо-
лып көринсе, соны ислең. 15 Бирақ
мынаны билип қойың: егер мени
өлтирсеңиз, бул қала да, оның тур-
ғынлары да, сизлер де төгилген
бийгүна қан ушын жуўапкер бо-
ласыз. Ҳақыйқаттан да, бул сөз-
лердиң ҳәммесин қулағыңызға
жеткериў ушын мени Жаратқан
Ийе сизлерге жиберди.

16 Сонда басшылар менен пүткил
халық руўханийлер менен пайғам-
барларға:

– Бул адам өлимге ҳүким етилме-
ўи керек. Ол бизлерге Қудайымыз
Жаратқан Ийениң атынан сөйле-
ди, – деди.

17 Сонда сол жердиң ақсақалла-
рынан бир нешеси алдыға шығып,
жыйналған халыққа былай деди:

18 – Яҳуда патшасы Хизкияның
дәўиринде морешетли Миха пай-
ғамбаршылық етип, пүткил Яҳуда
халқына былай деген еди: «Әлем-
ниң Жаратқан Ийеси былай дейди:

Сион егин майданы киби
сүрилип,
Ерусалим қарабақанаға
айланады,
Ибадатхана турған таўды,
Тоғай қаплайды»[a].

19 Буның ушын Яҳуда патшасы
Хизкия ямаса Яҳуда халқынан би-
ри Миханы өлтирип пе еди? Қай-
тама, Хизкия Жаратқан Ийеден
қорқып, Оннан реҳим сораған жоқ
па еди? Жаратқан Ийе де ырайынан
қайтып, оларға жиберемен деген
апатын жибермей қойған жоқ па
еди? Бизлер болсақ, өзимизге үл-
кен апат жаўдырайын деп турмыз.

20 Кирят-Яримнен Шемая улы
Урия деген бир адам да Жаратқан
Ийениң атынан пайғамбаршы-
лық қылып жүрген еди. Ол да тап
Еремияға уқсап, бул қала ҳәм елге
қарсы пайғамбаршылық қылды.
21 Патша Еҳояким өзиниң әскерба-
сылары ҳәм барлық ҳәмелдарлары
менен оның сөзлерин еситкенде,
оны өлтирмекши болды. Урия буны
еситкенде қорқып кетип, Мысыр-
ға қашып кетти. 22 Патша Еҳояким
Ахбор улы Элнатанды бир неше
адамлар менен Мысырға жиберди.
23 Олар Урияны Мысырдан алып
шығып, Еҳояким патшаға алып кел-
ди. Ол Урияны қылыш пенен өл-
тирип, денесин қарапайым халық
жерленетуғын мазарға ылақтырды.

24 Бирақ Шафан улы Ахиқам Ере-
мияны қорғағаны себепли, Еремия
өлтирилиў ушын халықтың қолы-
на берилмеди.

### Яҳуданың Набуходоносорға берилиўи

27 1 Яҳуда патшасы Иошия-
ның улы Седекияның*
патшалығының басында Еремияға
Жаратқан Ийеден мына сөз түсти.
2 Жаратқан Ийе маған былай деди:

---

a **26:18** Мих 3:12.

– Қайыс пенен ағаштан мойын-
тырық ислеп, оны мойныңа тақ.
3 Соңынан Ерусалимдеги Яҳуда
патшасы Седекияға келген елши-
лер арқалы Эдом, Моаб, Аммон,
Тир ҳәм Сидон патшаларына ха-
бар жибер. 4 Елшилерге өз мырза-
ларына мына хабарды билдириўин
буйыр: «Израилдың Қудайы Әлем-
ниң Жаратқан Ийеси былай дейди:
Мырзаларыңызға мынаны айтың-
лар: 5 Бул дүньяны, жер бетинде
жасап атырған адамларды ҳәм ҳай-
ўанларды Мен уллы қүдиретим ҳәм
созылған қолым менен жараттым.
Солай екен, оны қәлеген адамыма
беремен. 6 Енди бул жерлердиң ҳәм-
месин Бабилония патшасы қулым
Набуходоносорға бердим. Ҳәтте,
жабайы ҳайўанларды да оның ық-
тыярына тапсырдым. 7 Оның ели-
ниң ақырғы күни келгенше, барлық
миллетлер оның өзине, улына ҳәм
ақлығына хызмет етеди. Кейин
көп миллетлер ҳәм уллы патшалар
оның өзин қул қылады.

8 Егер қандай да бир миллет яма-
са патшалық Бабилония патшасы
Набуходоносорға хызмет етпесе,
оның мойынтырығын тақпаса, сол
миллетти Мен бул патшаның қолы
менен жоқ қылмағанымша, қылыш,
ашлық ҳәм иллет пенен жазалай-
ман, – дейди Жаратқан Ийе. 9 – Со-
ның ушын: „Бабилония патшасына
хызмет қылмайсыз“, – деп атырған
пайғамбарларыңызға, палкерле-
риңизге, түс жорыўшыларыңызға,
болжаўшыларыңызға, сыйқыршы-
ларыңызға қулақ салмаң. 10 Олар
сизлерге жалған пайғамбаршылық
қылып атыр. Буның нәтийжесин-
де, Мен сизлерди елиңизден айдап
шығып, сүргин қыламан, ақыбетте
набыт боласыз. 11 Бирақ Бабилония
патшасының мойынтырығын та-
ғып, оған хызмет еткен миллетти
өз жеринде қалдыраман, – дейди
Жаратқан Ийе. – Олар өз жерин-
де жасап, өз жерине ислеў береди».

12 Мен Яҳуда патшасы Седекияға
да сол сөзлерди айтып былай дедим:
«Бабилония патшасының мойынты-
рығын тағып алың, оған ҳәм оның
халқына хызмет етип, тири қалың.
13 Жаратқан Ийе Бабилония патша-
сына хызмет етпеген ҳәр бир мил-
летти өлтиретуғынын айтқан еди.
Солай екен, сизге ҳәм халқыңызға
қылыштан, ашлықтан ҳәм иллеттен
набыт болыўдың неге кереги бар?
14 „Бабилония патшасына хызмет
қылма“, – деп айтып атырған жалған
пайғамбарлардың сөзлерине қулақ
аспаң. Олар жалған пайғамбаршы-
лық қылып атыр. 15 Оларды Мен
жибермедим, – дейди Жаратқан
Ийе, – бирақ олар Мениң атымнан
жалған пайғамбаршылық қылып
атыр. Сонлықтан Мен сизлерди қу-
ўып жиберемен. Сизлер ҳәм сизлер-
ге пайғамбаршылық етип атырған
пайғамбарларыңыз набыт боласыз».

16 Соңынан мен руўханийлерге
ҳәм пүткил халыққа қарата сөй-
ледим: «Жаратқан Ийе былай дей-
ди: „Жақында Жаратқан Ийениң
Үйиндеги затлар Бабилоннан қай-
тып алып келинеди“, – деп атыр-
ған пайғамбарларға қулақ салмаң.
Олар сизлерге жалған пайғамбар-
шылық қылмақта. 17 Оларға қу-
лақ салмаң. Бабилония патшасына
хызмет етиң ҳәм аман қалың. Не
ушын бул қала қарабақанаға айла-
ныўы керек? 18 Егер олар пайғамбар

болса, оларда Жаратқан Ийениң
сөзи болса, онда олар Жаратқан
Ийениң Үйинде, Яҳуда патшасы-
ның сарайында ҳәм Ерусалим-
де қалған затлардың Бабилонға
алып кетилмеўин сорап, Әлемниң
Жаратқан Ийесине жалбарынсын.
[19] Әлемниң Жаратқан Ийеси Иба-
датханадағы қоладан исленген зат-
лар: өрелер, ҳәўиз, түбелдирик, бул
қалада қалған басқа затлар туўра-
лы айтады. [20] Бабилония патша-
сы Набуходоносор Яҳуда патшасы
Еҳоякимниң улы Ехонияны, Яҳу-
даның ҳәм Ерусалимниң барлық
ақсүйеклерин Ерусалимнен Баби-
лонға сүргин етип алып кеткен-
де, айырым затларды қалдырып
кеткен еди. [21] Аўа, Израилдың
Қудайы Әлемниң Жаратқан Ийе-
си Өз Үйинде, Яҳуда патшасының
сарайында ҳәм Ерусалимде қалған
сол затлар туўралы былай дейди:
[22] „Олар Бабилонға алып кетиледи.
Мен оларға нәзер аўдармағаным-
ша, олар сол жерде қалады, – дей-
ди Жаратқан Ийе. – Кейин Мен
оларды қайтарып алып келемен“».

### Жалған пайғамбар Ханания

**28** [1] Сол жылы, төртинши
жылдың бесинши айын-
да, Яҳуда патшасы Седекияның
патшалығының басында, гибон-
лы Аззур улы пайғамбар Ханания
Жаратқан Ийениң Үйиндеги руў-
ханийлер менен халықтың алдын-
да маған былай деди:
[2] – Израилдың Қудайы Әлемниң
Жаратқан Ийеси былай дейди: «Ба-
былония патшасының мойынтыры-
ғын сындыраман. [3] Еки жыл өтпей,
Бабилония патшасы Набуходоносор
бул жерден Бабилонға алып кеткен
Жаратқан Ийениң Үйине тийис-
ли затлардың ҳәммесин қайтарып
алып келемен. [4] Және Яҳуда пат-
шасы Еҳоякимниң улы Ехония ме-
нен Бабилонияға сүргин етилген
пүткил яҳудалыларды бул жерге
қайтарып алып келемен, – дейди
Жаратқан Ийе. – Мен Бабилония
патшасының мойынтырығын сын-
дырып таслайман».
[5] Сонда мен, Еремия пайғамбар
Жаратқан Ийениң Үйинде турған
руўханийлердиң ҳәм пүткил ха-
лықтың алдында пайғамбар Ха-
нанияға [6] былай дедим:
– Аўмийин! Жаратқан Ийениң айт-
қаны келсин! Жаратқан Ийе Өз Үйи-
нен алып кетилген затларды ҳәм
тутқынларды Бабилоннан бул жер-
ге қайтарып, сениң пайғамбаршы-
лық етип айтқан сөзлериңди әмелге
асырсын. [7] Бирақ мениң саған ҳәм
мына халықтың ҳәммесине айта-
туғын сөзимди тыңла. [8] Меннен де,
сеннен де бурын жасап кеткен пай-
ғамбарлар көп жерлерге ҳәм уллы
патшалықларға қарсы урыс, ашлық
ҳәм иллет болады деп пайғамбар-
шылық еткен. [9] Бирақ тынышлық
болады, деп пайғамбаршылық еткен
пайғамбардың сөзи жүзеге асқан-
нан кейин ғана, сол пайғамбарды
ҳақыйқаттан да Жаратқан Ийе жи-
бергени белгили болған еди.
[10] Сонда Ханания пайғамбар Ере-
мия пайғамбардың мойнындағы
мойынтырықты алып, сындырды
да, [11] топланып турған халыққа
былай деди:
– Жаратқан Ийе былай дейди: «Еки
жыл өтпей, Мен Бабилония патшасы
Набуходоносордың мойынтырығын

барлық миллетлердиң мойнынан алып, усылай сындыраман».

Буннан кейин, Еремия өз жолы менен кетти.

12 Ханания пайғамбар Еремия пайғамбардың мойнындағы мойынтырықты сындырғанынан кейин көп өтпей, Еремияға Жаратқан Ийеден сөз түсти:

13 – Барып, Хананияға айт: «Жаратқан Ийе былай дейди: Сен ағаштан исленген мойынтырықты сындырдың, енди оның орнын темирден исленген мойынтырық
ийелейди. 14 Израилдың Қудайы, Әлемниң Жаратқан Ийеси былай дейди: Мен бул миллетлердиң ҳәммесин Бабилония патшасы Набуходоносорға хызмет етиўге мәжбүрлеў ушын, мойнына темир мойынтырық салдым, олар оған хызмет етеди. Ҳәтте, жабайы ҳайўанларды да оның ықтыярына тапсырдым».

15 Еремия пайғамбар Ханания пайғамбарға былай деди:

– Қулақ сал, Ханания! Сени Жаратқан Ийе жибермеди, сен бул халықты жалғанға исениўге
мәжбүр қылдың. 16 Соның ушын
Жаратқан Ийе былай дейди: «Мен сени жер бетинен сыпырып таслайман. Жаратқан Ийеге қыянет етиўге шақырғаның ушын, усы жылы-ақ өлесең».

17 Солай етип, сол жылдың жетинши айында Ханания дүньядан өтти.

### Сүргиндегилерге жазылған хат

29 1 Пайғамбар Еремия Ерусалимнен Бабилонияға Набуходоносор тәрепинен тутқын қылып алып кетилген тутқынлар арасында аман қалған ақсақалларға, руўханийлерге, пайғамбарларға ҳәм пүткил халыққа Ерусалимнен
хат жоллады. 2 Бул хат Ехония патша менен оның анасы, сарай хызметкерлери, Яҳуда ҳәм Ерусалим басшылары, өнерментшилер ҳәм темиршилер Ерусалимнен сүргин
етилгеннен кейин жазылды. 3 Хат
Яҳуда патшасы Седекияның Бабилония патшасы Набуходоносорға жиберген адамлары, Шафан улы Эласа ҳәм Хилкия улы Гемария арқалы берип жиберилди. Хатта былай деп жазылған еди:

4 «Израилдың Қудайы Әлемниң Жаратқан Ийеси Өзи Ерусалимнен Бабилонияға сүргин еткен ҳәр бир
адамға былай дейди: 5 Үйлер қурып,
орналасың, бағ егип, оның жемисин
жең. 6 Үйленип, ул-қызлы болың.
Улларыңызды үйлендирип, қызларыңызды турмысқа бериң. Олардан да уллар ҳәм қызлар дүньяға келсин. Ол жерде азайман, қайта көбейиң.
7 Мен сизлерди тутқын етип жиберген қаланың абаданшылығын тилең. Ол қала ушын Жаратқан Ийеге дуўа етиң, сизлердиң абадан турмыс кешириўиңиз оның абаданшылығына байланыслы.

8 Израилдың Қудайы Әлемниң Жаратқан Ийеси былай дейди: Араңыздағы пайғамбарлар менен палкерлериңизге өзиңизди алдатпаң. Олар көрген түслерин айтқанда
қулақ салмаң. 9 Олар Мениң атым
менен сизлерге жалған пайғамбаршылық айтады. Оларды Мен жибермедим, – дейди Жаратқан Ийе.

10 Жаратқан Ийе былай дейди: Бабилонияда болғаныңызға

жетпис жыл толғанда, Мен сиз-
лерге нәзер аўдарып, сизлерди усы
жерге қайтарып алып келемен де-
ген ийгиликли ўәдемди орынлай-
ман. 11 Мен сизлер ушын дүзген
жобаларымды Өзим билемен, –
дейди Жаратқан Ийе. – Бул жо-
баларым сизлерге апат емес, ал
абаданшылық алып келеди, келе-
шекке үмит бағышлайды. 12 Сон-
да сизлер Мени шақырасыз, келип,
Маған дуўа етесиз. Мен де сизлерди
еситемен. 13 Сизлер Мени излейсиз,
егер шын жүректен излесеңиз, та-
басыз. 14 Аўа, Мени табасыз, – дей-
ди Жаратқан Ийе. – Мен сизлердиң
абаданшылығыңызды қайта тик-
леймен. Мен сизлерди қуўғын
қылған жерлеримниң һәммеси-
нен, барлық миллетлер арасынан
жыйнап аламан, – дейди Жаратқан
Ийе. – Мен сизлерди қай жерден
сүргин қылған болсам, сол жерге
қайтып алып келемен.

15 Бирақ сизлер: „Жаратқан Ийе
Бабилонияда бизлерге пайғамбар-
лар берди“, – дейсиз. 16 Жаратқан
Ийе Даўыттың тахтында отырған
патша ҳаққында, бул қалада қал-
ған пүткил халық ҳаққында, сизлер
менен сүргинге кетпеген туўыс-
қанларыңыз ҳаққында билдирди.
17 Әлемниң Жаратқан Ийеси былай
дейди: Мен оларға қылыш, ашлық
ҳәм иллет жибердим. Оларды жеў-
ге болмайтуғын ширик әнжирдей
қыламан. 18 Қылыш, ашлық ҳәм
иллет пенен олардың изинен қу-
ўып, жер бетиндеги барлық пат-
шалықлардың ҳүрейин ушыраман.
Мен оларды қуўып жиберген мил-
летлер арасында олар ғарғысқа қа-
лады, қорқынышлы ҳәм жанды
түршиктиретуғын көриниске ай-
ланып, насаққа қалады. 19 Себеби
олар Мениң сөзлеримди ҳәм қай-
та-қайта өзлерине жиберген қул-
ларым пайғамбарлардың сөзлерин
тыңламады, – дейди Жаратқан Ийе.

20 Сонлықтан ҳәй, барлық сүргин-
дегилер, Ерусалимнен Бабилония-
ға сүргин қылғанларым, Жаратқан
Ийениң сөзин тыңлаң! 21 Мениң
атым менен сизлерге жалған пай-
ғамбаршылық қылған Қолая улы
Ахаб пенен Маасея улы Седекия
ҳаққында Израилдың Қудайы
Әлемниң Жаратқан Ийеси былай
дейди: Оларды Бабилония патша-
сы Набуходоносорға тәслим ете-
мен. Ол екеўин де сизлердиң көз
алдыңызда өлтиреди. 22 Солай етип,
Яҳудадан Бабилонға сүргин етил-
генлер арасында: „Жаратқан Ийе
сени Бабилония патшасы тирилей
отта жаққан Седекия ҳәм Ахабтай
қылсын“, – деген ғарғыс пайда бо-
лады. 23 Олар Израилда жарамас
ислерди иследи, қоңсыларының ҳа-
яллары менен бузықшылық қылды,
Мен буйырмасам да, Мениң атым-
нан жалған сөзлерди айтты. Мен
буларды билемен ҳәм Өзим оларға
гүўаман, – дейди Жаратқан Ийе».

### Шемая туўралы билдириў

24 – Нехеламлы Шемаяға айтың-
лар: 25 «Израилдың Қудайы Әлем-
ниң Жаратқан Ийеси былай дейди:
Сен Ерусалимдеги пүткил халыққа,
Маасеяның улы руўханий Сефа-
нияға ҳәм басқа барлық руўханий-
лерге өзиңниң атыңнан былай деп
хатлар жоллапсаң:

26 „Руўханий Еҳояданың орны-
на Жаратқан Ийе сени руўханий

етип тайынлады. Жаратқан Ийе-
ниң Үйиниң қадағалаўшысы сы-
патында, өзин пайғамбар етип
көрсеткен ҳәр бир телбени кисен-
леп, темир буғаў менен буғаўлаўың
керек. 27 Солай екен, не ушын ара-
ңызда пайғамбаршылық қылып
жүрген анатотлы Еремияға шара
көрмедиңиз? 28 Себеби ол бизлерге,
Бабилонияға хат жоллап: Сүргин
узақ даўам етеди. Өзлериңизге үй-
лер қурып, оларда жасаңлар. Бағ-
лар отырғызып, олардың мийўесин
жеңлер, – деп жазыпты“».

29 Руўханий Сефания бул хат-
ты пайғамбар Еремияға еситти-
рип оқыды. 30 Сонда Еремияға
Жаратқан Ийеден сөз түсти:

31 – Сүргиндегилердиң ҳәммеси-
не мына хатты жибер:

«Жаратқан Ийе нехеламлы Ше-
мая ҳаққында былай дейди: Мен
оны жибермеген болсам да, Мениң
атымнан сизлерге пайғамбаршы-
лық қылып, жалғанға исендир-
ди. 32 Мен нехеламлы Шемаяны
ҳәм оның урпақларын жазалайман.
Оның әўладынан ҳеш бири бул ха-
лық арасында жасамайды ҳәм хал-
қыма ислейтуғын жақсылығымды
көрмейди, – дейди Жаратқан Ийе. –
Себеби ол Маған қарсы сөйледи».

### Жаратқан Ийениң Өз халқына ўәде бериўи

**30** 1 Еремияға Жаратқан Ийе-
ден сөз түсти. 2 Израилдың
Қудайы Жаратқан Ийе былай деди:
– Саған айтқан сөзлеримниң
ҳәммесин бир орама китапқа жаз.
3 Сондай күнлер келеди, – дей-
ди Жаратқан Ийе, – халқым Из-
раил менен Яҳуданың бурынғы
абаданшылығын қайта тиклеймен.
Мен оларды ата-бабаларына берген
жериме қайтарып алып келемен,
олар сол жерге ийелик қылады, –
дейди Жаратқан Ийе.

4 Израил ҳәм Яҳуда ҳаққында
Жаратқан Ийе айтқан сөзлер мы-
налар:

5 «Жаратқан Ийе былай дейди:
Сизлер тынышлық емес,
Ала-сапыран ҳәм қорқыныш
даўысын еситип турсыз.
6 Енди сораң ҳәм көриң!
Еркек бала туўа ма?
Неге толғақ тутқан ҳаялдай,
Ҳәр бир еркектиң қолын
белинде көрип турман?
Неге ҳәммесиниң жүзи солғын?
7 Қандай қорқынышлы күн!
Оған уқсаған күн басқа
болмаған.
Бул Яқып урпағы ушын апат
ўақты,
Бирақ олар оннан қутқарылады.

8 Сол күни, – дейди Әлемниң
Жаратқан Ийеси, –
Мен мойнындағы
мойынтырықты
сындыраман,
Буғаўларды қопараман.
Буннан былай басқа
миллетлерге хызмет
етпейди.
9 Енди Қудайы Жаратқан
Ийеге ҳәм Мен тахтқа
отырғызған,
Даўыт әўладынан болған
патшаға хызмет етеди.

10 Сен, қулым Яқып, қорқпа,
– дейди Жаратқан Ийе, –

Қәўетерленбе, Израил!
Мен сени қутқарып, узақ елден,
Урпақларыңды тутқын болған
елинен қайтараман.
Яқып, сен қайтып келесең,
Бийқәтер ҳәм тыныш жасайсаң.
Сени қорқытатуғынлар да
болмайды.
11 Ал Мен сениң менен биргемен,
– дейди Жаратқан Ийе, –
Сени қутқараман.
Сени арасына шашқан,
Миллеттиң бәрин жоқ қыламан.
Тек сени жоқ қылмайман.
Бирақ сени әдалатлық пенен
тәрбиялайман,
Сени жазасыз қоймайман.

12 Жаратқан Ийе былай дейди:
Жарақатларың шыпасыз,
Жараң аўыр.
13 Сениң даўаңды ҳеш ким
қорғамайды,
Жараңа шыпа беретуғын дәри
жоқ,
Саған ҳеш қандай шыпа жоқ.
14 Ойнасларыңның ҳәммеси сени
умытты,
Олар сени излемейди.
Айыбың аўыр,
Гүнаң шексиз болғаны ушын,
Сени душпан киби
соққыладым,
Аяўсыз жазаладым.
15 Неге жарақатың ушын,
Шыпасыз дәртиң ушын пәрияд
етесең?
Қылмысың аўыр,
Гүнаң шексиз болғаны ушын,
Саған солай иследим.
16 Бирақ сени жалмағанлар,
жалманады,
Барлық душпанларың,
Олардың ҳәр бири сүргин
етиледи.
Сени талағанлар, таланады,
Сени олжа қылғанлардың
өзлерин,
Мен олжа қыламан.
17 Сени: „Таслап кетилген“, – деп
атап,
„Сионның ҳеш кимге кереги
жоқ“, – деп айтса да,
Мен саған шыпа берип,
Дәртиңнен жазаман, – дейди
Жаратқан Ийе.

18 Жаратқан Ийе былай дейди:
Мен Яқыптың шатырының
абаданшылығын қайта
тиклеймен,
Оның турақ жайларына реҳим
етемен.
Қала қарабақаналары үстине
қайта қурылады,
Бурынғы орнына сарай
салынады.
19 Олардан тәрийиплеў қосықлары,
Қуўаныш сеслери еситиледи.
Мен оларды көбейтемен, енди
азаймайды,
Оларды абырайлы қыламан,
аяқ асты болмайды.
20 Балалары бурынғыдай өмир
сүреди,
Жәмийети алдымда
беккемленеди.
Оларға жәбир көрсеткенлерди
жазалайман.
21 Көсеми олардың өзинен болады,
Ҳүкимдары олардың арасынан
шығады.
Мен оны жақынлатаман,
Ол Маған жақын болады,
Өзинше Маған жақынлаўға
ким жүрек етеди?

– дейди Жаратқан Ийе. –
22 Сизлер Мениң халқым боласыз,
Мен сизлердиң Қудайыңыз
боламан».

23 Мине, Жаратқан Ийениң
дауылы,
Ғәзепке минип, көтерилди.
Күшли қуйын көтерилип,
Наҳақлардың басына дөнеди.
24 Жүректеги нийетин әмелге
асырмағанша,
Жаратқан Ийениң лаулаған
ғәзеби сөнбейди.
Уақты келгенде сизлер буны
түсинесиз.

# 31

1 «Сол уақытта, – дейди
Жаратқан Ийе, – Мен Из-
раил тийрелериниң ҳәммесиниң
Қудайы боламан, олар Мениң хал-
қым болады».

2 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Қылыштан аман қалған халық,
Шөлде мийрим табады.
Мен Израилды
тынышландырыуға келемен.
3 Бурынырақта Жаратқан Ийе
Израилға көринип, былай
деген еди:
Мәңгилик сүйиспеншилик
пенен сени сүйип,
Саған мийрим көрсетиуди
дауам еттим.
4 Сени және аяққа турғызаман,
Сен аяққа турасаң, пәк қыз
Израил!
Және дәплер менен безенип,
Кеуил көтергенлер менен аяқ
ойынға түсесең.
5 Самария тауларында және
жүзимзарлар отырғызасаң,
Бағ отырғызғанлар оның
мийуесинен дәм татады.
6 Сондай күнлер келеди,
Эфрайым таулы үлкесиндеги
гүзетшилер:
„Турыңлар, Сионға,
Қудайымыз Жаратқан Ийениң
жанына шығайық“, – деп
бақырады».

7 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Яқып ушын қууаныш пенен
қосық айтың,
Миллетлердиң басшысы ушын
дауыслап алғыс айтың.
Алғыслап былай деңлер:
„Жаратқан Ийе, қутқар
халқыңды,
Израилдан аман қалғанларын“.
8 Мине, Мен оларды арқадағы
еллерден,
Дүньяның төрт тәрепинен
жыйнайман.
Олардың арасында соқыр,
ақсақ,
Ҳәмиледар ҳәм енди
босанғанлар да болады.
Олар уллы жыйын болып бул
жерге қайтады.
9 Олар жылап-сықлап келеди,
Алып киятырғанымда
жалбарынады.
Оларды ағын суулар бойлап
жетелеймен,
Сүрникпесин деп, тегис
жоллардан алып жүремен.
Мен Израилдың әкеси екенмен,
Эфрайым да Мениң тұңғышым.

10 Ҳәй, миллетлер! Жаратқан
Ийениң сөзин тыңлап,
Оны узақтағы жағалауларда
жәриялап былай деңлер:

„Израилды тарқатып жиберген,
оны топлайжақ,
Шопанның өз сүриўин
қорғағанындай оны
қорғайды“.
11 Себеби Жаратқан Ийе Яқыпты
азат етип,
Оны өзинен күшли болғанның
қолынан қутқарады.
12 Олар келип, Сионның бәлент
төбесинде,
Қуўанып, қосық айтады,
Жаратқан Ийе берген
берекетке,
Бийдай, шарап, зәйтүн майы,
Қой сүриўлери ҳәм мал
падалары себепли,
Жүзлеринен нур жаўады.
Олар суўғарылған бағ киби,
Енди ҳасла солымайды.
13 Сонда жас қызлар шадланып,
аяқ ойынға түседи,
Өспирим ҳәм үлкен жастағы
еркеклер бирге қуўанады.
Мен олардың қайғысын
қуўанышқа айландыраман,
Ҳәсиретине тәселле берип,
қуўаныш бағышлайман.
14 Руўханийлерин сыпатлы азық
пенен тойдыраман,
Халқым берекетиме тояды», –
дейди Жаратқан Ийе.

15 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Рамадан бир даўыс еситиледи,
Жылаған ҳәм пәрияд қылған
даўыслар!
Балаларын жоқлап жылар
Раҳила,
Жубанғысы келмес,
Өйткени жоқ енди олар».

16 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Дад салыўды тоқтат, көз
жасларыңды сүрт,
Шеккен азабыңның есеси
төленеди,
– дейди Жаратқан Ийе, –
Балаларың душпан журтынан
қайтып келеди.
17 Сениң келешегиңнен үмит бар,
– дейди Жаратқан Ийе, –
Балаларың өз журтына қайтып
келеди.

18 Мен Эфрайымның ҳәсиретли
даўысын еситтим:
„Мен қырсық бир тана сыяқлы
едим,
Мени тәрбияладың, мен де
сабақ алдым.
Мени қайта тикле, алдыңа
қайтып барайын,
Өйткени Қудайым Жаратқан
Ийе – Сенсең.
19 Адасқаннан кейин, өкинип
тәўбе қылдым,
Ақылым киргенде, санıма
урып жыладым.
Жаслығымда ислеген айып
ислерим себепли,
Уялып, шерменде болдым“.

20 Эфрайым Мениң әзиз улым емес
пе?
Ол Мениң сүйикли балам емес
пе?
Оған аўыр сөз айтқан ўақтымда
да,
Оны ядымнан шығармай,
сүйиспеншилик пенен
еслеймен.
Қәлбим оны күсейди,
Оған сөзсиз реҳим етемен,
– дейди Жаратқан Ийе. –
21 Өзиң ушын жол белгилерин қой,

Жол көрсететуғын сүтинлер
орнат.
Жүрген жолыңа дыққат қой.
Пәк қыз Израил, изге қайт,
Өзиңниң қалаларыңа қайт.
22 Қашанға дейин гезип
жүрмекшисең, ҳәй бийопа
қыз?
Жаратқан Ийе дүньяда бурын
болмаған нәрсе жаратты:
Ҳаял еркектиң дыққатын
тартады».

23 Әлемниң Жаратқан Ийеси,
Израилдың Қудайы былай дей-
ди: «Мен олардың абаданшылығын
қайта тиклегенимде, олар Яҳуда
жеринде ҳәм оның қалаларында
мына сөзлерди айтады:

„Жаратқан Ийе сени
жарылқасын,
Әдиллик мәканы, мухаддес таў!“

24 Дийханлар ҳәм мал изиндеги
шопанлар Яҳудада ҳәм оның қа-
лаларында бирге жасайды. 25 Мен
шаршағанлардың шөлин қанды-
рып, руўхый түңилгенлерди руўх-
ландыраман.
26 Сонда мен оянып кетип қара-
сам, ҳәз етип уйықлаған екенмен.
27 Сондай күнлер келеди, – дей-
ди Жаратқан Ийе, – Мен Изра-
илда ҳәм Яҳудада адамларды ҳәм
ҳайўанларды көбейтемен. 28 Бу-
рын Мен оларды қадағалап турған,
суўырып таслап, ўайран қылған,
аўдарып таслап, жер менен жек-
сен еткен, басларына апат кел-
тирген болсам, енди Мен қурыў
ҳәм беккемлеў ушын оларға нәзер
саламан, – дейди Жаратқан Ийе.
29 – Сол күнлерде адамлар былай
деп айтпайтуғын болады:

„Әкелер қышқыл жүзим жейди,
Ал балалардың тиси қамасады“.

30 Енди ҳәр бир адам өз айыбы
ушын өзи өледи. Ким қышқыл жү-
зим жесе, соның тиси қамасады».

**Жаңа келисим**

31 «Мынадай күнлер келеди, – дей-
ди Жаратқан Ийе. – Мен Израил ҳәм
Яҳуда халқы менен жаңа келисим
дүземен. 32 Бул келисим Мен олар-
дың ата-бабаларының қолынан ус-
лап, Мысыр елинен алып шыққан
ўақтымда олар менен дүзген кели-
симдей болмайды. Мен олардың
хожайыны болсам да, олар сол кели-
симди бузды, – дейди Жаратқан Ийе.
33 Бирақ сол күнлерден кейин,
Израил халқы менен дүзетуғын ке-
лисимим мынаў, – дейди Жаратқан
Ийе, – Мен Өз нызамымды олар-
дың сана-сезимине орналастырып,
жүреклерине жазып қояман. Мен
олардың Қудайы боламан, олар
Мениң халқым болады. 34 Буннан
былай ҳеш ким өз достына яма-
са өз туўысқанына: „Жаратқан
Ийени танып бил“, – деп үйрет-
пейтуғын болады. Себеби кишке-
несинен үлкенине дейин ҳәммеси
Мени таныйтуғын болады, – дей-
ди Жаратқан Ийе. – Мен олардың
қылмысларын кеширемен, гүна-
ларын қайтып есиме алмайман».
35 Күндиз жақты болсын деп,
қуяшты берген, түнде жарық
болсын деп, ай ҳәм жулдызлар-
ға қағыйда берген, толқынлары-
ның шуўылдасыўы ушын теңизди

өшегистирген Жаратқан Ийе, аты
Әлемниң Жаратқан Ийеси болған
былай дейди:
36 «Егер бул қағыйдалар Мениң
алдымда ҳәрекеттен тоқтаса, – дей-
ди Жаратқан Ийе, – онда Израил
нәсили де миллет болыўдан мәң-
гиге айырылады».
37 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Жоқарыдағы аспанды өлшеў-
ге болмайтуғындай, төмендеги
жердиң тийкарын табыў мүмкин
болмайтуғындай, ислеген барлық
ислери ушын, пүткил Израил нә-
силин Мен де тәрк ете алмайман, –
дейди Жаратқан Ийе.
38 Сондай күнлер келеди, – дейди
Жаратқан Ийе, – Хананел минара-
сынан Мүйеш дәрўазасына шекем
қала Мен ушын қайта қурылады.
39 Жерди өлшейтуғын жип сол жер-
ден туўры Гареб төбешигине дейин
созылып, Гоаға бурылады. 40 Өли де-
нелер ҳәм күллер тасланған пүткил
ойпатлық, Кидрон сайына шекемги
барлық атызлар, шығыстағы Ат дәр-
ўазасының мүйешине шекемги жер-
лер Жаратқан Ийе ушын мухаддес
болады. Қала енди ҳеш қашан ўай-
ран қылынбайды ҳәм қуламайды».

## Еремияның атыз сатып алыўы

32 1 Яҳуда патшасы Седекия-
ның патшалығының онын-
шы жылында Еремияға Жаратқан
Ийеден сөз түсти. Сол жылы Набу-
ходоносордың патшалығының он
сегизинши жылы еди. 2 Сол ўақыт-
та Бабилония патшасының ләш-
керлери Ерусалимди қамал қылып
турған, ал пайғамбар Еремия Яҳуда
патшасының сарайындағы сақшы-
лар ҳәўлисинде қамақта сақланып
атырған еди. 3 Яҳуда патшасы Седе-
кия оны қамап қойып, сен не ушын
булай пайғамбаршылық еттиң де-
ди: «Жаратқан Ийе былай дейди:
Мен бул қаланы Бабилония патша-
сының қолына беремен, ол қала-
ны басып алады. 4 Яҳуда патшасы
Седекия калдейлердиң қолынан
қутыла алмайды, ол Бабилония
патшасының қолына тапсыры-
лады ҳәм оны өз көзлери менен
көрип, оның менен жүзбе-жүз сөй-
леседи. 5 Ол Седекияны Бабилонға
алып кетеди. Мен Седекияға кеўил
аўдармағанымша, ол сол жерде
қалады, – дейди Жаратқан Ийе, –
Калдейлерге қарсы гүрессеңиз де,
жеңиске ериспейсиз».
6 Еремия былай деп жуўап берди:
– Маған Жаратқан Ийеден мынадай
сөз түсти: 7 «Ағаң Шаллумның улы
Ханамел келип, саған: „Мениң Ана-
тоттағы атызымды сатып ал. Мениң
ең жақын ағайиним болғаның себеп-
ли, оны сатып алыўға ҳақың бар ҳәм
буған миннетлисең“, – дейди».
8 Соңынан Жаратқан Ийениң айт-
қанындай, ағамның улы Ханамел
сақшылар ҳәўлисине, маған келип:
«Бенямин жери аймағындағы Ана-
тоттағы атызымды сатып ал. Оны
сатып алып, өз ўазыйпаңды орын-
ла. Оны сатып алса», – деди. Сонда
мен бул сөздиң Жаратқан Ийеден
түскенин билдим. 9 Кейин мен Ана-
тоттағы атызды ағамның улы Ха-
намелден сатып алдым. Оған он
жети шекел[a] гүмисти өлшеп бердим.

[a] **32:9** *Он жети шекел* – бир шекел шама менен 11 гр.

10 Алды-сатты шәртнамасына қол
қойып, мөримди бастым ҳәм гүўа-
ларды шақырып, гүмисти өлшеп
бердим. 11 Мен нызам-қағыйдала-
ры жазылған мөрленген шәртнама-
ның түп нусқасын ҳәм мөрленбеген
бир нусқасын алып, 12 бул алды-
сатты шәртнамасын ағамның улы
Ханамелдиң, оған қол қойған гү-
ўалардың ҳәм сақшылар ҳәўлисин-
де мениң менен қамақта отырған
барлық яҳудийлердиң көз алдын-
да Махсеяның ақлығы Нерияның
улы Барухқа бердим. 13 Олардың
көз алдында Барухқа былай деп
тапсырма бердим: 14 «Израилдың
Қудайы Әлемниң Жаратқан Ийеси
былай дейди: Бул алды-сатты шәрт-
намасының мөрленген ҳәм мөр-
ленбеген нусқаларын алып, узақ
ўақыт сақланыўы ушын, ылай гүзе-
ге салып қой. 15 Себеби Израилдың
Қудайы Әлемниң Жаратқан Ийеси
былай дейди: Бул жерде және үй-
лер, атызлар ҳәм жүзимзарлар са-
тып алынады».

### Еремияның дуўасы

16 Алды-сатты шәртнамасын
Нерия улы Барухқа берип болып,
Жаратқан Ийеге дуўа еттим:
17 «О, Қудай Ийе! Уллы қүдире-
тиң ҳәм созылған қолың менен
Сен көклерди ҳәм жерди жарат-
тың. Саған мүмкин емес нәрсениң
өзи жоқ. 18 Сен мыңыншы әўлад-
қа шекем мийрим көрсетесең, би-
рақ әкелериниң айыпларының
жазасын балаларына тарттыра-
саң. Уллы ҳәм күшли Қудай, Сениң
атың – Әлемниң Жаратқан Ийеси.
19 Сениң нийетлериң уллы ҳәм ис-
лериң қүдиретли. Сен адамзаттың
жолларының ҳәммесин көрип тура-
саң, ҳәр бир адамға тутқан жолына,
исиниң мийўесине жараса қайтара-
саң. 20 Сен Мысырда белгилер ҳәм
кәраматлар көрсеттиң. Ҳәзирге де-
йин буларды Израилда ҳәм адамзат
арасында көрсетип, ҳәзирги күн-
ге шекем Өзиңди даңққа бөледиң.
21 Белгилер ҳәм кәраматлар менен,
күшли ҳәм созылған қолың менен
ҳәм уллы айбатың менен халқың
Израилды Мысыр жеринен алып
шықтың. 22 Ата-бабаларына бере-
мен деп ант ишкен бул жерди, сүт
ҳәм пал ағып турған жерди оларға
бердиң. 23 Олар келип, сол жерди
ийелеп алды. Бирақ Саған қулақ
аспады, Сениң Нызамыңа сай жа-
самады ҳәм Сен буйырған ислер-
ди қылмады. Сонлықтан Сен бул
апатлардың ҳәммесин олардың ба-
сына жаўдырдың.
24 Қара, душпанлар қаланы қолға
киргизиў ушын топырақ үймекте.
Қылыш, ашлық ҳәм иллет себепли
қала өзине ҳүжим қылған калдей-
лердиң қолына түсти. Көрип турға-
ныңдай, айтқанларың жүзеге асты.
25 О Қудай Ийе, қала калдейлер-
диң қолына берилген болса да, Сен
маған: Гүўалардың қатнасыўында
гүмиске атыз сатып ал, – дедиң».

### Қудайдың жуўабы

26 Буннан кейин Еремияға
Жаратқан Ийеден сөз түсти:
27 – Мен – пүткил адамзаттың
Қудайы Жаратқан Ийемен. Маған
мүмкин емес нәрсениң өзи бар ма?
28 Сонлықтан Жаратқан Ийе болған
Мен былай деймен: Мен бул қаланы
калдейлерге ҳәм Бабилония патша-
сы Набуходоносорға беремен. Олар

қаланы қолға алады. 29 Бул қалаға
ҳүжим қылатуғын калдейлер ке-
лип, оған от қояды. Үшеклеринде
Баал бутына хош ийисли түтетки-
лер түтеткен ҳәм басқа қудайларға
ишимлик садақаларын қуйып, Ме-
ниң қәҳәримди келтирген адамлар-
дың үйлерин толық өртеп жибереди.
30 Израил ҳәм Яҳуда халқы жас-
лығынан Мениң нәзеримде жаўыз
болған links ислерди иследи. Аўа, Изра-
ил халқы қолларының иси менен
бәрқулла Мениң ғәзебимди кел-
тирди, – дейди Жаратқан Ийе. 31 –
Бул қала бина болғаннан баслап,
бүгинге дейин қала халқы Мениң
ғәзебимди келтирди. Сонлықтан
оны дәргайымнан қуўып жибере-
мен. 32 Израил ҳәм Яҳуда халқы,
олардың патшалары, ҳәмелдарла-
ры, руўханийлери, пайғамбарлары,
Яҳуда ҳәм Ерусалим турғынлары –
барлығы жаўыз ислер ислеп, Ме-
ниң ғәзебимди келтирди. 33 Олар
Маған жүзин емес, ал арқасын қа-
ратты. Мен оларға зинҳарлап үй-
реттим, бирақ олар тыңламады,
тәрбиямды алмады, нәсиятымды
қабыл етпеди. 34 Мениң атым менен
аталатуғын Үйге жеркенишли зат-
ларын қойып, оны ҳарамлады. 35 Ул
ҳәм қызларын Молох бутына арнап
отта жағып қурбанлыққа бериў
ушын, Баалға арнап Бен-Ҳинном
ойпатлығына сыйыныў орынла-
рын қурды. Бундай жеркенишли
исти қылып, Яҳуданың гүнаға ба-
тыўын Мен буйырмағанман, ҳәтте,
бул қыялыма да келмеген.
36 Бирақ сизлер: «Қылыш, аш-
лық ҳәм иллет себепли Бабилония
патшасына бериледи», – деп айт-
қан бул қала туўралы Израилдың
Қудайы Жаратқан Ийе былай дей-
ди: 37 Мен халқымды қәҳәрим, ғә-
зебим ҳәм ашыўым менен ҳәмме
жерге тарқатып жиберген едим, ен-
ди оларды жыйнап аламан. Олар-
ды қайтарып бул жерге алып келип,
қәўипсизликте жасатаман. 38 Олар
Мениң халқым болады, Мен де
олардың Қудайы боламан. 39 Олар
бәрқулла Меннен қорқып жасай-
туғын бир мақсетке бағдарланған
жол беремен. Бул олардың өзлери
ушын да, өзлеринен кейинги ба-
лалары ушын да жақсы болады.
40 Мен олар менен мәңгилик ке-
лисим дүземен. Оларға жақсылық
қылыўдан қашпайман. Меннен жүз
бурып кетпеўи ушын, олардың жү-
регине Өзимнен қорқыў сезимин
салып қояман. 41 Мен оларға қу-
ўаныш пенен жақсылық қыламан,
садықлық пенен шын жүректен ҳәм
жан-тәним менен оларды усы жер-
ге орналастыраман.
42 Жаратқан Ийе былай дейди:
Бул халықтың басына уллы апат-
шылықларды қалай салған болсам,
оларға ўәде еткен жақсылықларды
да солай жаўдыраман. 43 Сизлер-
диң: «Калдейлерге берилип, адам-
сыз ҳәм ҳайўансыз қаңырап қалған
жер», – деп айтып жүрген бул жер-
де және де атызлар сатып алынады.
44 Бенямин жеринде, Ерусалимниң
айланасындағы жерлерде, Яҳуда
далаларында, таўлы аймақларда,
батыстағы таў етеклеринде ҳәм Не-
геб жерлеринде атызлар гүмиске
сатып алынып, шәртнамаларға қол
қойылып, мөр басылып, гүўалар
шақырылады. Себеби Мен олардың
бурынғы абаданшылығын қайта
тиклеймен, – дейди Жаратқан Ийе.

## Халықтың абадан келешектен үмит етиўи

33 [1] Еремия еле сақшылар
ҳәўлисинде қамақта сақ-
ланып атырған ўақытта, оған
Жаратқан Ийеден екинши рет сөз
түсти:
[2] – Исти жобаластырып, оны
ислейтуғын ҳәм жүзеге асырату-
ғын, аты Жаратқан Ийе болған
Жаратқан Ийе былай дейди: [3] Мени
шақыр, жуўап беремен. Сен билме-
ген уллы ҳәм жумбақлы сырларды
саған айтаман.
[4] Қалаға тақап үйилген топы-
рақтан ҳәм қылыштан қорғаныў
ушын бузылған бул қаладағы үй-
лер ҳәм Яҳуда патшаларының са-
райлары ҳаққында Израилдың
Қудайы Жаратқан Ийе былай дей-
ди: [5] Сизлер калдейлер менен уры-
сасыз, бирақ олар үйлериңизди
Мениң қәҳәрим ҳәм ғәзебим менен
қырып тасланған өли денелерге
толтырады. Олардың ислеген бар-
лық жаўызлықлары ушын, Мен
бул қаладан жүзимди жасырдым.
[6] Солай болса да, бул қалаға және
шыпа берип, оны саўалтаман. Мен
Өз халқымды емлеймен. Оларға
шексиз абаданшылық ҳәм пара-
хатшылық беремен. [7] Мен Яҳу-
даның ҳәм Израилдың бурынғы
абаданшылығын қайта тиклей-
мен, оларды бурынғыдай қайта
бина қыламан. [8] Оларды алдымда
ислеген барлық гүналарынан та-
залайман ҳәм Маған қарсы бас кө-
терип, ислеген барлық айыпларын
кеширемен. [9] Дүньядағы барлық
миллетлер оларға ислеген ҳәмме
жақсылықларымды еситеди ҳәм
бул қала жер бетиндеги барлық ха-
лықлар алдында Маған қуўаныш,
алғыс, атақ-абырай ҳәм даңқ алып
келеди. Ерусалимге ислеген ҳәмме
жақсылықларым ҳәм берген па-
рахатшылығым туўралы еситип,
бул миллетлер қорқып титиреседи.
[10] Жаратқан Ийе былай дейди:
Сизлер: «Бул орын ўайран болып,
адамсыз ҳәм ҳайўансыз шөлге ай-
ланады», – дедиңиз. Бирақ адам-
сыз ҳәм ҳайўансыз босап қалған
Яҳуда қалаларында ҳәм Ерусалим
көшелеринде [11] шадлық ҳәм қу-
ўаныш сеслери, келин ҳәм күйеў
сести, Жаратқан Ийениң Үйине
миннетдаршылық қурбанлықла-
рын алып келгенлердиң былай де-
ген даўыслары еситиледи:

«Әлемниң Жаратқан Ийесин
тәрийиплең!
Ол ийгиликли, садықлығы
мәңги даўам етеди».

Өйткени Мен бул жердиң бурын-
ғы абаданшылығын қайта тиклей-
мен, – дейди Жаратқан Ийе.
[12] Әлемниң Жаратқан Ийеси бы-
лай дейди: Адамсыз ҳәм ҳайўан-
сыз босап қалған бул жерде, оның
барлық қалаларында және шопан-
лардың өз сүриўлерин бағатуғын
жайлаўлары болады. [13] Таўлы үл-
кедеги қалаларда, батыстағы таў
етеклеринде, Негебте, Бенямин
жерлеринде, Ерусалим әтирапын-
дағы ҳәм Яҳуда қалаларындағы
аймақларда шопанлар және қой-
ларын санайтуғын болады, – дей-
ди Жаратқан Ийе.
[14] Сондай күнлер келеди, – дей-
ди Жаратқан Ийе, – Израил ҳәм

Яҳуда халқы ҳаққында айтқан қа-
йырлы ўәделеримди орынлайман.
15 Сол күнлерде ҳәм сол ўақытта
Мен Даўыттың нәсилинен әдил
бир шақаны өсирип шығараман. Ол
жер бетинде әдалат ҳәм әдиллик-
ти жүзеге асырады. 16 Сол күнлер-
де Яҳуда қутқарылады, Ерусалим
қәўипсизликте жасайды. Оны
«Жаратқан Ийе – әдиллигимиз»,
деп атайды.
17 Себеби Жаратқан Ийе былай
дейди: Даўыттың нәсилинен Из-
раил тахтында отыратуғынлар-
дың изи үзилмейди. 18 Алдымда
жандырылатуғын қурбанлықлар-
ды беретуғын, ғәлле садақаларын
жандыратуғын ҳәм қурбанлық ша-
латуғын Лебий әўладынан болған
руўханийлер ҳеш қашан жоқ бо-
лып қалмайды.
19 Еремияға Жаратқан Ийеден
сөз түсти:
20 – Жаратқан Ийе былай дей-
ди: Егер ким де ким Мениң күндиз
ҳәм түн менен дүзген келисимим-
ди бузып, олардың тәртибин өзгер-
те алса, 21 онда Мен, қулым Даўыт
пенен дүзген келисимимди бузып,
Даўыттың нәсилин тахттан түси-
ремен. Сондай-ақ, Маған хызмет
қылып атырған Лебий урпақлары
менен де дүзген келисимим бузыл-
ған есапланады. 22 Мен қулым Да-
ўыттың урпақларын ҳәм алдымда
хызмет ететуғын лебийлилерди
аспандағы жулдызлардай, теңиз
жағасындағы қумлардай сан-са-
нақсыз етип көбейтемен.
23 Еремияға Жаратқан Ийеден
және сөз түсти:
24 – Мына халықтың: «Жаратқан
Ийе Өзи таңлап алған еки
патшалықтан да ўаз кешти», – деп
айтып жүргенин көрмедиң бе? Олар
енди Мениң халқымды кемситип,
ҳәтте, оны миллет деп атаўға ар-
ланып атыр. 25 Жаратқан Ийе бы-
лай дейди: Ҳақыйқаттан да, Мен
түн ҳәм күн менен келисим дүз-
дим, көклердиң ҳәм жердиң тәрти-
бин белгилеп бердим. 26 Сондай-ақ
Яқыптың ҳәм қулым Даўыттың нә-
силинен ҳеш қашан ўаз кешпеймен.
Ибрайым, Ысақ ҳәм Яқып нәсили
үстинен Даўыттың урпақларынан
бирин ҳүкимдар етип қойыўды
даўам етемен. Мен халқымның
бурынғы абаданшылығын қайта
тиклеймен, оларға реҳим қыламан.

### Седекия ушын хабар

34 1 Бабилония патшасы На-
буходоносор өзиниң бар-
лық ләшкерлери, қол астындағы
жерлердиң барлық патшалықлары
ҳәм халықлары менен бирге Еру-
салим ҳәм оның дөгерегиндеги
қалаларға қарсы урысып атырған
ўақытта, Жаратқан Ийеден Ере-
мияға сөз түсти:
2 – Израилдың Қудайы Жаратқан
Ийе былай дейди: Яҳуда патшасы
Седекияға барып айт: «Жаратқан
Ийе былай дейди: Мен бул қала-
ны Бабилония патшасы Набухо-
доносордың қолына тапсыраман.
Ол қалаға от қояды. 3 Сен оның
қолынан қутыла алмайсаң, сөзсиз
тутып алынып, оған тапсырыласаң.
Сен Бабилония патшасын өз көз-
лериң менен көресең, оның менен
жүзбе-жүз сөйлесесең. Сен Баби-
лонға алып кетилесең.
4 Деген менен, Яҳуда патша-
сы Седекия, Жаратқан Ийениң

мына сөзин де тыңла, Сен туўралы Жаратқан Ийе былай дейди: Сен қылыштан қаза таппайсаң,
5 тынышлық пенен көз жумасаң. Саған дейинги болған патшалардың, ата-бабаларыңның ҳүрметине қалай от жағылған болса, сениң ҳүрметиңе де солай от жағылып: Ўай-ўай тақсырым! – деп жоқлаў айтылады. Буны Мен, Жаратқан Ийе айтып атырман».
6 Еремия пайғамбар булардың ҳәммесин Ерусалимдеги Яҳуда патшасы Седекияға айтып берди. 7 Сол
ўақытта Бабилония патшасының ләшкерлери Ерусалим менен, Яҳуданың еле тәслим болмаған қалалары Лахиш ҳәм Азеқа менен урысып атырған еди. Яҳуданың қорғанлы қалаларынан тек усылар қалған еди.

### Қул нызамының бузылыўы

8 Седекия патша Ерусалимдеги пүткил халық пенен келисим дүзип, қулларды азат етиўди жәриялағаннан кейин, Еремияға Жаратқан Ийеден сөз түсти. 9 Бул келисим
бойынша, ҳәр бир адам өзиниң еврей қулын ҳәм шорысын азат етип, ҳеш ким артық өз туўысқаны болған яҳудалыны қуллықта усламаўы тийис еди. 10 Пүткил басшылар
ҳәм халық бул келисимге бойсынып, өзлериниң қул ҳәм шорыларын азат етиўге ҳәм оларды буннан былай қуллықта усламаўға ыразы болды ҳәм оларды азатлыққа шығарды. 11 Бирақ кейин пикиринен
қайтып, азатлыққа шығарған қулларын ҳәм шорыларын мәжбүрлеп алып келип, оларды және қулға айландырды.

12 Сонда Еремияға Жаратқан Ийеден сөз түсти:
13 – Израилдың Қудайы Жаратқан Ийе былай дейди: Мен ата-бабаларыңызды Мысырдан, қул болған жеринен алып шыққанымда, олар менен келисим дүзип: 14 «Өзлерин
сизлерге қул етип сатып, алты жыл сизлерге хызмет еткен еврей туўысқаныңызды жетинши жылы азатлыққа шығарың», – деген едим. Бирақ ата-бабаларыңыз Мени тыңламады, қулақ аспады. 15 Енди сизлер тәўбе қылып, ҳәр бириңиз өз туўысқаныңыздың азатлығын жәриялап, Мениң нәзеримде туўры болған исти иследиңиз. Мениң атым менен аталған Үйде, алдымда турып келисим дүздиңиз. 16 Кейин сөзиңизден танып, Мениң атыма дақ түсирдиңиз. Сизлер азат еткеннен кейин, өзлери қәлеген жерге кеткен қул ҳәм шорыларыңызды қайтарып алып келип, қул болыўға мәжбүрледиңиз.
17 Сонлықтан Жаратқан Ийе былай дейди: Маған қулақ салмадыңыз, ҳәр бириңиз туўысқаныңызды ҳәм қоңсыңызды босатып жибермедиңиз. Сол себепли Мен сизлерди қылыш, иллет ҳәм ашлыққа қарай босататуғынымды жәриялайман, – дейди Жаратқан Ийе. – Сизлерди көрген жер жүзиндеги барлық патшалықлардың ҳүрейи ушады.
18 Келисим дүзгенде тананы екиге бөлип, оның арасынан өткен едиңиз. Мен келисимимди бузып, алдымда дүзген келисим шәртлерин орынламағанларды сол тана киби екиге бөлемен. 19 Тананың еки бөлеги
арасынан өткен Яҳуда ҳәм Ерусалим басшыларын, сарай хызметкерлерин, руўханийлерин ҳәм бул жердиң

пүткил халқын 20 душпанларының
ҳәм жанын алмақшы болғанлардың
қолына беремен. Олардың денеле-
ри аспандағы қусларға ҳәм жердеги
ҳайўанларға жем болады.
21 Яҳуда патшасы Седекияны ҳәм
оның ҳәмелдарларын олардың душ-
панларына ҳәм жанын алмақшы
болғанлардың қолына, сизлерден
шегинген Бабилония патшасының
ләшкерлерине тапсыраман. 22 Мен
буйрық берип, – дейди Жаратқан
Ийе, – бабилониялыларды бул қа-
лаға қайтып алып келемен. Олар
қалаға ҳүжим етип, оны қолға ала-
ды ҳәм жағып жибереди ҳәм Мен
Яҳуда қалаларын адам жасамайту-
ғын шөлге айландыраман.

### Еремия ҳәм Рехаб нәсили

**35** 1 Яҳуда патшасы Иошия-
ның улы Еҳояким ҳүким-
дарлық қылған дәўирде Еремияға
Жаратқан Ийеден мына сөз түсти:
2 – Рехабтың урпақларына барып,
олар менен сөйлес. Оларды Жаратқан
Ийениң Үйиниң бир бөлмесине алып
келип, ишиў ушын шарап бер.
3 Мен Хабассинияның ақлығы
Еремияның улы Язанияны, оның
туўысқанлары менен балаларын
ҳәм Рехабтың урпақларын ертип,
4 Қудайдың адамы болған Игда-
лия улы Хананның улларының
Жаратқан Ийениң Үйиндеги бөл-
месине алып бардым. Бул бөлме
басшылардың бөлмесиниң қапта-
лында, лаўазымлы руўханий Шал-
лум улы Маасеяның бөлмесиниң
жоқарысында еди. 5 Кейин Рехаб-
тың урпақларының алдына шарап
толы гүзелер менен кеселерди қо-
йып, оларға:
– Шараптан ишиңлер, – дедим.
6 Бирақ олар былай деп жуўап берди:
– Бизлер шарап ишпеймиз. Себе-
би бабамыз Рехаб улы Ионадаб бы-
лай деп буйрық берген: «Өзлериң де
шарап ишпең, әўладларыңыз да ҳеш
қашан шарап ишпесин. 7 Ҳеш қашан
үй қурмаң, егин екпең, жүзим отыр-
ғызбаң. Булардан ҳеш бири сизлерде
болмасын. Өйткени сизлер бәрқул-
ла шатырларда жасаўыңыз тийис.
Сонда көшип-қонып жүрген жерле-
риңизде узақ өмир көресиз». 8 Биз-
лер бабамыз Рехаб улы Ионадабтың
барлық буйрықларын орынлап келе-
миз. Өзлеримиз де, ҳаялларымыз да,
ул-қызларымыз да ҳеш қашан шарап
ишпеймиз. 9 Жасаў ушын үйлер қур-
мадық. Бизлерде жүзимзар да, егис-
лик атыз да, егин де жоқ. 10 Бизлер
шатырларда жасаймыз. Бабамыз Ио-
надабқа қулақ асып, оның буйрық-
ларын орынлап келемиз. 11 Бирақ
Бабилония патшасы Набуходоносор
бул елге ҳүжим қылғанда, бизлер
«арамлылардың ҳәм калдейлердиң
ләшкерлеринен қашып, Ерусалимге
барамыз» – деп шештик. Сол себепли
ҳәзир де Ерусалимде жасап атырмыз.
12 Сонда Еремияға Жаратқан Ийе-
ден сөз түсти:
13 – Израилдың Қудайы Әлем-
ниң Жаратқан Ийеси былай дейди:
Барып, Яҳуда халқы менен Еруса-
лим турғынларына былай деп айт:
«Сизлер Мениң сөзлеримди тың-
лаўды қашан үйренесиз? – дейди
Жаратқан Ийе. 14 – Рехаб улы Ио-
надаб өз урпақларына шарап иш-
пеўди буйырды. Олар бабасының
буйрығына бойсынып, усы күнге
дейин шарап ишпейди. Ал Мен сиз-
лерге қайта-қайта айтсам да, сизлер

тыңламадыңыз. 15 Мен қулларым
болған пайғамбарлардың ҳәммесин
алдыңызға жиберип: „Ҳәр бири-
ңиз жаўыз жолларыңыздан қайтып,
ис-ҳәрекетиңизди өзгертиң. Бас-
қа қудайларға хызмет етиў ушын,
оларға ермең. Сонда өзлериңизге
ҳәм ата-бабаларыңызға берген же-
римде жасайсызлар“, – дедим. Би-
рақ сизлер Мени тыңламадыңыз,
Маған қулақ аспадыңыз. 16 Рехаб
улы Ионадабтың урпақлары ата-
бабаларының өзлерине берген буй-
рықларын орынлады, ал бул халық
болса Мени тыңламады.
17 Сонлықтан Израилдың Қудайы,
Әлемниң Қудайы Жаратқан Ийе
былай дейди: Мен Өзим айтқан бә-
лелерди Яҳудада ҳәм Ерусалимде
жасайтуғын ҳәр бир адамның басы-
на жаўдыраман. Себеби Мен оларға
айттым, олар тыңламады. Оларды
шақырдым, жуўап бермеди».
18 Рехаб урпағына болса, Еремия
былай деди:
– Израилдың Қудайы Әлемниң
Жаратқан Ийеси былай дейди:
«Сизлер бабаңыз Ионадабтың буй-
рықларына бойсынып, оларға әмел
қылып, өзлериңизге тапсырғанла-
рының ҳәммесин орынладыңыз.
19 Сонлықтан Израилдың Қудайы
Әлемниң Жаратқан Ийеси былай
дейди: Рехаб улы Ионадабтың ур-
пағынан Мениң алдымда хызмет
ететуғын адамның изи үзилмейди».

## Барухтың Ибадатханада орама қағазды оқыўы

36 1 Яҳуда патшасы Иошия
улы Еҳоякимниң патша-
лығының төртинши жылында Ере-
мияға Жаратқан Ийеден сөз түсти:
2 – Орама қағаз алып, Иошия-
ның дәўиринде сениң менен сөй-
лескен күнимнен баслап, усы күнге
шекемги Израил, Яҳуда ҳәм пүт-
кил миллетлер ҳаққында айтқан-
ларымның ҳәммесин жазып қой.
3 Бәлким Яҳуда халқы басларына
жаўдырмақшы болған барлық бә-
ле-қадалар ҳаққында еситкенде,
жаман жолынан қайтар, Мен де
олардың айыпларын ҳәм гүнала-
рын кеширермен.
4 Еремия Нерия улы Барухты ша-
қырды. Барух Еремияның аўзынан
Жаратқан Ийениң айтқан сөзлери-
ниң ҳәммесин орама қағазға жазды.
5 Кейин Еремия Барухқа былай
деп буйырды:
– Маған Жаратқан Ийениң Үйине
кириў қадаған. 6 Сонлықтан сен ба-
рып, мениң аўзымнан жазып алған
Жаратқан Ийениң сөзлерин ораза
күни Жаратқан Ийениң Үйинде ха-
лыққа даўыслап оқып бер. Оны өз
қалаларынан келген пүткил Яҳу-
да халқына даўыслап оқып бер.
7 Бәлким, олар Жаратқан Ийениң
алдында жалбарынар, жаўыз жол-
ларынан қайтар. Себеби Жаратқан
Ийениң бул халыққа жәриялаған
қәҳәр-ғәзеби уллы.
8 Нерия улы Барух Еремия пай-
ғамбардың тапсырмасын толық
орынлады. Ол Жаратқан Ийениң
Үйине барып, орама қағаздағы
Жаратқан Ийениң сөзлерин оқыды.
9 Яҳуда патшасы Иошия улы Еҳо-
якимниң патшалығының бесинши
жылының тоғызыншы айында Еру-
салимнен ҳәм Яҳуда қалаларынан
келген барлық халық Жаратқан
Ийениң алдында ораза жәриялa-
ған еди. 10 Сонда Барух Жаратқан

Ийениң Үйиниң Таза дәрўазасы жа-
нындағы жоқарғы ҳәўлиде жайлас-
қан Шафан улы хаткер Гемарияның
бөлмесинде турып, орама қағаздан
Еремияның сөзлерин пүткил ха-
лыққа даўыслап оқып берди. 11 Ша-
фанның ақлығы Гемарияның улы
Миха орама қағаздағы Жаратқан
Ийениң сөзлерин еситкенде, 12 пат-
ша сарайындағы хаткерлер бөл-
месине барды. Ол жерде барлық
басшылар: патша хаткери Элишама,
Шемая улы Делая, Ахбор улы Эл-
натан, Шафан улы Гемария, Хана-
ния улы Седекия ҳәм барлық сарай
ҳәмелдарлары отырған еди. 13 Ба-
рух орама қағаздан халыққа оқып
бергенде еситкен барлық сөзлерин
Миха оларға айтып берди. 14 Ҳәмел-
дарлар: «Халыққа оқып берген ора-
ма қағазды алып, кел», – деп айтыў
ушын, Кушийдиң шаўлығы Шеле-
мияның ақлығы Нетания улы Яҳу-
дийди Барухқа жиберди. Нерия улы
Барух орама қағазды алып, олар-
ға келди. 15 Ҳәмелдарлар Барухқа:

– Енди отырып, бизлерге де оқып
бер, – деди. Барух оларға да оқып
берди. 16 Олар бул сөзлерди ақыры-
на дейин тыңлағаннан соң, қорқы-
сып, бир-бирине қарап, Барухқа:

– Бизлер патшаны сөзсиз бул сөз-
лерден хабардар қылыўымыз ке-
рек, – деди. 17 Кейин олар Барухтан:

– Өтинемиз, бизлерге айт, Ере-
мияның аўзынан шыққан бул сөз-
лердиң ҳәммесин сен қалай жазып
алдың?

18 Барух оларға былай деп жу-
ўап берди:

– Ол бул сөзлердиң ҳәммесин ма-
ған айтып турды, мен оларды сыя
менен орама қағазға жазып алдым.

19 Сонда сарай ҳәмелдарлары Ба-
рухқа:

– Барып, Еремия екеўиңиз де жа-
сырының. Қай жерде екениңизди
ҳеш ким билмесин, – деди.

20 Ҳәмелдарлар орама қағазды
хаткер Элишаманың бөлмесин-
де қалдырып, патша сарайының
ҳәўлисине барды ҳәм патшаға ҳәм-
месин баян қылды. 21 Патша Яҳу-
дийди орама қағазды алып келиўге
жиберди. Яҳудий оны хаткер Эли-
шаманың бөлмесинен алып келип,
патшаға ҳәм оның жанында турған
барлық ҳәмелдарларға оқып бер-
ди. 22 Сол ўақытта, тоғызыншы ай-
да патша қысқы сарайындағы от
жанып турған ошақтың жанында
отырған еди. 23 Яҳудий орама қа-
ғаздан үш ямаса төрт бөлекти оқып
болыўдан, патша оларды хатке-
риниң пышағы менен кесип, отқа
таслай берди. Ол орама қағаздың
ҳәммесин жағып болғанша солай
иследи. 24 Бул сөзлерди еситкенде
патша да, оның қасындағы хызмет-
керлердиң ҳеш бири де қорқпады,
қайғырып кийимлерин жыртпа-
ды. 25 Элнатан, Делая ҳәм Гемария
патшадан орама қағазды жағып
жибермеўди өтинди, бирақ патша
оларды тыңламады. 26 Бунның ор-
нына патша шаҳзада Ерахмеелге,
Азриел улы Сераяға ҳәм Абдеел
улы Шелемияға Еремия пайғамбар-
ды ҳәм хаткер Барухты тутып алып
келиўди буйырды. Бирақ Жаратқан
Ийе оларды жасырып қойды.

27 Еремияның аўзынан Барух жа-
зып алған сөзлер жазылған орама
қағазды патша жағып жиберген-
нен соң, Еремияға Жаратқан Ийе-
ден сөз түсти:

[28] – Басқа бир орама қағаз алып,
оған биринши орама қағаздағы,
Яҳуда патшасы Еҳояким жағып
жиберген орама қағаздағы сөз-
лердиң бәрин жаз. [29] Яҳуда пат-
шасы Еҳоякимге болса, Жаратқан
Ийе былай дейди деп айт: «Ора-
ма қағазда: „Бабилония патшасы
сөзсиз келеди, бул жерди ўайран
етип, адамларды ҳәм ҳайўанлар-
ды қырып таслайды“, – деп жазыл-
ғаны ушын Еремияға айбат етип
қағазды өртеп тасладың. [30] Сон-
лықтан Жаратқан Ийе Яҳуда пат-
шасы Еҳояким ҳаққында былай
дейди: „Оның нәсилинен ҳеш ким
Даўыттың тахтына отырмайды,
денеси күндиздиң жәзийрама ыс-
сысына, түнниң аязына таслана-
ды. [31] Айыплары ушын оның өзин,
урпақларын ҳәм хызметкерлерин
жазалайман. Олар туўралы айтқан
барлық апатшылықларды олардың
өзлериниң, Ерусалим турғынла-
ры менен Яҳуда халқының басына
жаўдыраман. Себеби олар Маған
қулақ аспады“».

[32] Еремия басқа орама қағаз алып,
Нерия улы хаткер Барухқа берди.
Барух Яҳуда патшасы Еҳояким от-
қа жаққан орама қағаздағы бар-
лық сөзлерди Еремияның аўзынан
жазып алды. Бирақ бул сөзлерге
әўелгиге уқсаған көплеген сөзлер
қосылған еди.

### Еремия ҳәм патша Седекия

**37** [1] Бабилония патшасы Набу-
ходоносор Еҳоякимниң улы
Ехонияның[a] орнына Иошия улы
Седекияны Яҳуда елине патша етип
қойды. [2] Бирақ патша да, оның ўә-
зирлери де, үлке халқы да Жаратқан
Ийениң Еремия пайғамбар арқалы
айтқан сөзлерине қулақ салмады.
[3] Деген менен, патша Седекия Ше-
лемия улы Еҳухал менен Маасея
улы руўханий Сефанияны: «Өти-
немен, бизлер ушын Қудайымыз
Жаратқан Ийеге дуўа ет», – деп ай-
тыў ушын Еремияға жиберди.

[4] Еремия сол ўақытта халық ара-
сында бийғам жасап атырған бо-
лып, еле зинданға тасланбаған еди.
[5] Сол арада фараонның ләшкерле-
ри Мысырдан шықты. Ерусалим-
ди қамал қылып турған калдейлер
бул хабарды еситкенде, Ерусалим-
нен шегинди.

[6] Сонда Еремия пайғамбарға
Жаратқан Ийеден сөз түсти:
[7] – Израилдың Қудайы Жаратқан
Ийе былай дейди: Меннен сораў
ушын сизлерди Маған жиберген
Яҳуда патшасына былай деп ай-
тыңлар: «Сизлерге жәрдемге кия-
тырған фараонның ләшкерлери
өз елине, Мысырға қайтып кете-
ди. [8] Ал калдейлер қайтып келип
ҳүжим етеди, қаланы қолға алып,
өртеп жибереди.

[9] Жаратқан Ийе былай дейди:
„Калдейлер сөзсиз бизлерден ше-
гинеди“, – деп өзлериңизди алда-
маңлар. Олар шегинбейди. [10] Егер
сизлер өзлериңизге қарсы урыс-
қа шыққан калдейлердиң пүткил
ләшкерлерин қырып тасласаңыз
да, оларда тек жарадарлар қалған
болса да, олар шатырларынан шы-
ғып келип, бул қаланы өртеген бо-
лар еди».

---

[a] **37:1** *Ехония* – Еҳоякинниң басқа аты. 4Пат 24:6 қараң.

[11] Фараонның ләшкерлери себепли,
калдейлердиң ләшкерлери артқа ше-
гинген ўақытта, [12] Еремия Бенямин
жерине барып, халық арасындағы
өзиниң пайына түскен жер үлесин
алыў ушын Ерусалимнен кетпекши
болды. [13] Ол Бенямин дәрўазасына
жеткенде, гүзетшилер баслығы Ха-
нанияның ақлығы Шелемия улы
Ирия Еремияны услап алып:
– Сен не, калдейлерге қашып кет-
пекшимисең? – деди.
[14] Еремия оған:
– Жалған, мен калдейлерге қа-
шып кетпекши емеспен, – деди.
Бирақ Ирия оны тыңламады ҳәм
Еремияны услап, ўәзирлердиң ал-
дына алып келди. [15] Ўәзирлер Ере-
мияға ашыўланып, оны сабады,
кейин хаткер Ионатанның үйине
қурылған зинданға таслады. [16] Ере-
мия зинданға тасланып, ол жерде
көп күнлерди өткерди.
[17] Бир күни патша Седекия адам
жоллап, Еремияны сарайына ал-
дырды. Патша өз сарайында жа-
сырын түрде оннан:
– Жаратқан Ийеден қандай да бир
сөз бар ма? – деп сорады.
Еремия оған:
– Бар, сиз Бабилония патшасы-
ның қолына түсесиз, – деп жуўап
берди.
[18] Кейин Еремия Седекия патша-
ға былай деди:
– Мени зинданға таслағандай, мен
сизге, хызметкерлериңизге яки бул
халыққа не қылдым? [19] «Бабило-
ния патшасы сизге, бул халыққа
ҳүжим қылмайды», – деп пайғам-
баршылық еткен пайғамбарлары-
ңыз қаяқта? [20] Енди мени тыңлаң,
тақсырым, өтиниш қылыўға рухсат
бериң. Мени хаткер Ионатанның
үйине қайтарып жибермең, бол-
маса, мен сол жерде өлип кетемен.
[21] Патша Седекия Еремияны сақ-
шылар ҳәўлисине қамап қойыўды
ҳәм қалада нан пүткиллей таўысыл-
ғанша, ҳәр күни оған нанбайхана-
дан бир шөрек алып берип турыўды
буйырды. Солай етип, Еремия сақ-
шылар ҳәўлисинде қалды.

## Еремияның суў сақлағышқа тасланыўы

**38** [1] Маттан улы Шефатия,
Пашхур улы Гедалия, Ше-
лемия улы Юхал ҳәм Малкия улы
Пашхур Еремияның пүткил ха-
лыққа айтқан мына сөзлерин есит-
ти: [2] «Жаратқан Ийе былай дейди:
Бул қалада қалған адам қылыштан,
ашлықтан ҳәм иллеттен өледи, ал
калдейлер тәрепке өткен адам ти-
ри қалады, жанын қутқарып аман
қалады. [3] Жаратқан Ийе былай
дейди: Бул қала әлбетте Бабило-
ния патшасының ләшкерлериниң
қолына бериледи, ол қаланы ба-
сып алады».
[4] Сонда сарай ҳәмелдарлары пат-
шаға:
– Бул адам өлтирилсин. Ол бул
сөзлерди айтып, бул қалада қал-
ған әскерлеримиздиң ҳәм пүткил
халықтың руўхын түсирмекте. Бул
адам халыққа жақсылық емес, ал
жаманлық тилейди, – деди.
[5] Патша Седекия оларға:
– Мине, ол сизлердиң қолыңызда,
мен сизлерге қарсылық көрсетпей-
мен, – деди.
[6] Олар Еремияны услап алып,
патшаның улы Малкияның сақшы-
лар ҳәўлисиндеги суў сақлағышқа

арқан менен түсирди. Суў сақла-
ғыш суўсыз болып, онда тек ылай
бар еди. Еремия балшыққа батып
қалды. 7 Патшаның сарай хызмет-
керлеринен бири, хабашстанлы
Эбед-Мелех Еремияның суў сақ-
лағышқа тасланғанын еситти. Сол
ўақытта патша Бенямин дәрўазасы
алдында отырған еди. 8 Эбед-Ме-
лех патша сарайынан шықты да,
патшаға барып:
9 – Тақсыр, Еремияны суў сақла-
ғышқа таслап, бул адамлар жаман
ис қылыпты. Қалада нан қалма-
ды, Еремия ол жерде аштан өле-
ди, – деди. 10 Патша хабашстанлы
Эбед-Мелехке:
– Қасыңа отыз адам ал да, өлип
қалмасынан бурын, Еремия пай-
ғамбарды суў сақлағыштан шы-
ғарып ал, – деп буйырды.
11 Эбед-Мелех қасына адамларды
алып, патша ғәзийнеханасының
астындағы бөлмеге кирди ҳәм ол
жерден гөне-көкси шүбереклер ме-
нен гөне-көкси кийимлерди таўып
алып, оларды арқанға байлап, суў
сақлағыштағы Еремияға түсирди.
12 Кейин Еремияға:
– Арқан денеңе батпаўы ушын,
мына гөне-көкси шүбереклер ме-
нен кийимлерди қолтығыңның ас-
тына қой, – деди.
Еремия солай иследи. 13 Олар
Еремияны арқанлар жәрдеминде
суў сақлағыштан шығарып алды.
Буннан кейин, Еремия сақшылар
ҳәўлисинде қалды.

### Седекияның Еремиядан және мәсләҳәт сораўы

14 Патша Седекия адам жиберип,
Еремия пайғамбарды Жаратқан
Ийениң Үйиниң үшинши есиги-
ниң алдына алып келтирди. Пат-
ша Еремияға:
– Мен сеннен бир нәрсе сорайжақ-
пан, меннен ҳеш нәрсени жасыр-
ма, – деди. 15 Еремия Седекияға:
– Егер ырасын айтсам, мени
өлтирмес пе едиңиз? Мәсләҳәт
бергеним менен мени тыңламай-
сыз, – деди.
16 Бирақ патша Седекия жасырын
түрде ант ишип, Еремияға:
– Бизге жан берген тири Жаратқан
Ийе ҳақы ант ишемен: сени өлтир-
меймен ҳәм жаныңа қаслық қыл-
мақшы болғанлардың қолына
тапсырмайман, – деди. 17 Соннан ке-
йин, Еремия Седекияға былай деди:
– Израилдың Қудайы, Әлемниң
Қудайы Жаратқан Ийе былай дей-
ди: «Егер Бабилония патшасының
ҳәмелдарларына тәслим болсаң,
жаның тири қалады, бул қала да
өртеп жиберилмейди, өзиң де, үй-
ишиң де аман қаласыз. 18 Бирақ
егер Бабилония патшасының ҳә-
мелдарларына тәслим болмасаң,
бул қала калдейлердиң қолына бе-
риледи, олар қаланы өртеп жибе-
реди, өзиң де олардың қолынан
қашып қутыла алмайсаң».
19 Патша Седекия Еремияға:
– Мен калдейлер тәрепке өткен
яҳудийлерден қорқаман. Калдей-
лер мени олардың қолына тапсыр-
са, олар мени хорлайды, – деди.
20 Еремия патшаға былай деди:
– Яқ, оларға тапсырмайды. Айт-
қанларымды ислеп, Жаратқан Ийе-
ниң сөзине қулақ салсаңыз, тири
қалып, абадан турмысқа ерисесиз.
21 Егер тәслим болыўдан бас тартса-
ңыз, Жаратқан Ийе маған мынаны

аян етти: 22 Мине, Яҳуда патша-
сының сарайында қалған барлық
ҳаяллар Бабилония патшасының
әскербасысына алып кетиледи. Сол
ҳаяллар сизге былай дейди:

«Исенген досларыңыз,
Сизди алдап, жеңип кетти,
Батпаққа батты аяқларыңыз,
Олар сизди таслап кетти».

23 Сизиң барлық ҳаялларыңыз
бенен балаларыңыз калдейлерге
бериледи. Сиз де олардың қолынан
қашып қутыла алмайсыз, Бабило-
ния патшасының қолына түсесиз.
Бул қала болса, өртеп жибериледи.
24 Кейин Седекия Еремияға бы-
лай деди:
– Сөйлескенимиз туўралы ҳеш
ким билмесин, болмаса өлесең.
25 Егер ҳәмелдарлар мениң сениң
менен сөйлескенимди еситип, са-
ған келип: «Патша менен нелер
туўралы сөйлескениңди жасырмай
айт, болмаса өлесең», – десе, 26 сен
оларға: «Мени Ионатанның үйине
қайтарып жиберме, болмаса, мен
ол жерде өлип қаламан, деп патша-
ға жалбарындым деп айт», – деди.
27 Барлық ҳәмелдарлар келип, Ере-
мияны сораўға тутты. Ол да патша
буйырғанындай етип жуўап берди.
Патшаға айтылғанлардан ҳеш ким-
ниң хабары болмағанлықтан, олар
үндемей қайтып кетти. 28 Ерусалим
қолға алынған күнге дейин, Еремия
сақшылар ҳәўлисинде қалды.*

### Ерусалимниң қулаўы

**39** 1 Яҳуда патшасы Седекия-
ның ҳүкимдарлығының
тоғызыншы жылының онншы
айында Бабилония патшасы На-
буходоносор пүткил әскерлери ме-
нен Ерусалимге жүрис қылып, оны
қамалға алды. 2 Седекияның пат-
шалығының он биринши жылы-
ның онныншы айының тоғызыншы
күни дийўал бузылды. 3 Ерусалим
қолға алынғанда, Бабилония пат-
шасының барлық ҳәмелдарла-
ры ишке кирип, Ортаңғы дәрўаза
жанында отырды. Олар: Нергал-
Шаресер, Самгар-Небо, әскерий
ўәкил Сарсехим, бас мәсләҳәтши
Нергал-Шаресер ҳәм патшаның
барлық ҳәмелдарлары еди.
4 Яҳуда патшасы Седекия ҳәм
оның барлық әскерлери оларды көр-
генде, түнде патшаның бағының
жанындағы, еки дийўал арасындағы
дәрўаза арқалы шығып, Иордан те-
гислигине қарай қашып кетти. 5 Би-
рақ калдей әскерлери оларды қуўып,
Ерихо тегислигинде изинен жетти
ҳәм Седекияны услап, тутқынға ал-
ды да, Хамат үлкесиниң Рибла қала-
сында болған Бабилония патшасы
Набуходоносорға алып барды. Сол
жерде патша Седекияның үстинен
ҳүким шығарды. 6 Бабилония пат-
шасы Риблада Седекияның улларын
көз алдында баўызлатты. Және де,
ол Яҳуданың барлық ақсүйеклерин
де баўызлатты. 7 Буннан кейин, Се-
декияның көзлерин ойдырды, Ба-
билонға алып кетиў ушын оны қола
шынжыр менен байлатты.
8 Калдейлер патшаның сарайын,
халықтың үйлерин өртеп, Ерусалим
дийўалларын қулатты. 9 Сақшылар
баслығы Набузарадан қалада аман
қалған адамларды ҳәм Бабилония
патшасы тәрепке өткен қашқын-
ларды қалған халық пенен бирге

Бабилонияға тутқын қылып алып
кетти. 10 Бирақ Набузарадан ҳеш
нәрсеси жоқ бийшараларды Яҳу-
да жеринде қалдырып, сол ўақыт-
та оларға жүзимзарлар ҳәм атызлар
берди.

11 Бабилония патшасы Набуходо-
носор сақшылар баслығы Набуза-
раданға Еремия туўралы мынадай
буйрық берди: 12 «Оны услап алып,
көзқулақ бол. Оған ҳеш қандай зы-
ян келтирме, не сораса, соны исле».

13 Патша сақшыларының баслығы
Набузарадан, әскерий ўәкил Набу-
шазбан, бас мәсләҳәтши Нергал-Ша-
ресер ҳәм Бабилония патшасының
барлық ҳәмелдарлары 14 адам жол-
лап, Еремияны сақшылар ҳәўли-
синен алдыртты. Олар Шафанның
ақлығы Ахиқамның улы Гедалия-
ға Еремияны үйине алып кетиўди
тапсырды. Солай етип, Еремия өз
халқы арасында қалды.

15 Қараўыллар ҳәўлисинде қа-
мақта болған ўақтында, Еремия-
ға Жаратқан Ийеден мынадай сөз
түскен еди:

16 – Барып, хабашстанлы Эбед-
Мелехке айт: «Израилдың Қудайы
Әлемниң Жаратқан Ийеси былай
дейди: Мен бул қала туўралы айт-
қан сөзлеримди жақсылық пенен
емес, ал жаманлық пенен жүзе-
ге асыраман. Булар сениң көз ал-
дыңда әмелге асады. 17 Бирақ сол
күни Мен сени қутқараман, – дей-
ди Жаратқан Ийе. – Сен өзиң қор-
қып жүрген адамларыңның қолына
түспейсең. 18 Мен сени қутқара-
ман. Сен қылыштан қаза таппай-
саң, Маған үмит артқаның ушын,
жаның өзиңе олжа болады, – дей-
ди Жаратқан Ийе».

## Еремия Гедалияның қасында болады

40 1 Бабилонияға сүргин
етилген пүткил Ерусалим
ҳәм Яҳуда тутқынлары менен бир-
ге Еремия да шынжыр менен бай-
ланып, Рамаға алып барылды. Ол
жерде сақшылар баслығы Набуза-
радан Еремияны таўып, оны бо-
сатты. Сонда Еремияға Жаратқан
Ийеден сөз түсти. 2 Сақшылар бас-
лығы Еремияны қасына шақырып
алып, оған былай деди:

– Қудайың Жаратқан Ийе бул ел-
ге апатшылық жаўдыражағын айт-
қан екен. 3 Мине, оны жаўдырып,
айтқанындай қылды. Булардың
ҳәммеси Жаратқан Ийеге қарсы
гүна ислегениңиз ҳәм Оған қу-
лақ салмағаныңыз себепли болып
отыр. 4 Бүгин мен сени қолыңдағы
шынжырлардан азат етемен. Егер
мениң менен Бабилонға кетиўди
қәлесең, жүр, мен саған көзқулақ
боламан. Егер кетиўди қәлеме-
сең, онда қал. Мине, пүткил ел ал-
дыңда жатыр. Қай жаққа кетиўди
қәлесең, яки қай жаққа кетиўди
нәзериңде туўры деп тапсаң, сол
жерге кете бер.

5 Еремия жуўап берип үлгермей-
ақ, Набузарадан сөзин даўам етти:
– Бабилония патшасы тәрепинен
Яҳуда қалаларына ҳәким етип қо-
йылған Шафанның ақлығы Ахи-
қам улы Гедалияның жанына бар.
Оның менен бирге халық арасында
жасай бер. Ямаса қай жаққа кетиў-
ди қәлесең, сол жаққа кет.

Сақшылар баслығы оған азық-
аўқат ҳәм саўғалар берип, боса-
тып жиберди.

6 Еремия Миспадағы Ахиқамның
улы Гедалияның жанына кетти.
Миспаға барып, оның менен бир-
ге елде қалған халықтың арасын-
да жасады.

### Яҳуда ҳәкими Гедалия

7 Далаларда бой тасалап қалған
барлық әскербасылар ҳәм олардың
адамлары Бабилония патшасының
Ахиқам улы Гедалияны ҳәким қы-
лып қойғанын ҳәм сүргинге алып
кетилмеген жарлы еркеклерди, ҳа-
ялларды ҳәм балаларды оған тап-
сырғанын еситти. 8 Сонда Нетания
улы Исмайыл, Қареах уллары Юха-
нан менен Ионатан, нетофалы Тан-
хумет улы Серая, нетофалы Эфай
уллары, маахалы Езания ҳәм олар-
дың әскерлери Миспаға Гедалияға
келди. 9 Шафанның ақлығы Ахиқам
улы Гедалия оларға ҳәм олардың
әскерлерине ант ишип, былай деди:
– Калдейлерге хызмет етиўден
қорқпаң. Елге орналасып алып, Ба-
билония патшасына хызмет етиң,
сонда абадан турмысқа ерисесиз.
10 Мен бул жерге келетуғын кал-
дейлерге ўәкиллик қылыў ушын
Миспада жасап қаламан. Сизлер
шарап, жазғы мийўелер ҳәм зәйтүн
майын жыйнап, сақлап қойыңлар
да, өзлериңиз орналасып алған қа-
лаларда жасай бериңлер.
11 Моабта, аммонлардың ара-
сында, Эдомда ҳәм басқа еллерде
жасап атырған яҳудийлердиң ҳәм-
меси Бабилония патшасы Яҳудада
бир топар адамларды қалдырға-
нын, оларға Шафанның ақлығы
Ахиқамның улы Гедалияны ҳәким
қылып қойғанын еситти. 12 Олар-
дың ҳәммеси сүргин қылынған
жерлердиң бәринен Яҳуда жери-
не, Миспаға, Гедалияның алды-
на қайтып келди. Олар сол жерде
көп мийўе жыйнап, мол шарап та-
ярлады.
13 Қареах улы Юханан менен шөл
даладағы әскербасылар Миспада-
ғы Гедалияға келип, 14 оған:
– Аммонлардың патшасы Баалис-
тиң сизди өлтириў ушын Нетания
улы Исмайылды жибергенинен ха-
барыңыз бар ма? – деди. Бирақ Ахи-
қам улы Гедалия буған исенбеди.
15 Кейин Қареах улы Юханан Мис-
пада жасырын түрде Гедалияға:
– Келиң, мен барып, Нетания улы
Исмайылды өлтирейин, буны ҳеш
ким билмейди. Не ушын сизди өл-
тириўине, қасыңызға жыйнал-
ғанлардың тарқап кетиўине ҳәм
Яҳудада қалғанлардың набыт бо-
лыўына жол қойыўымыз керек? –
деди. 16 Бирақ Ахиқам улы Гедалия
Қареах улы Юхананға:
– Булайислеме, сен Исмайыл туў-
ралы жалған айтып турсаң, – деди.

### Исмайылдың Гедалияны өлтириўи

41 1 Жетинши айда патша әў-
ладынан ҳәм патшаның
ўәзирлеринен бири болған Элиша-
маның ақлығы Нетанияның улы
Исмайыл он адамы менен Миспа-
дағы Ахиқам улы Гедалияға келди.
Олар Миспада бирге ишип-жеп
отырғанда, 2 Нетания улы Исма-
йыл менен оның жанындағы он
адам орынларынан турды да, Ба-
билония патшасы сол елге ҳәким
қылып қойған Шафанның ақлы-
ғы Ахиқам улы Гедалияны қылыш
пенен шаўып таслады. 3 Исмайыл

Миспада Гедалия менен бирге
болған барлық яҳудийлерди де, ол
жердеги калдей әскерлерин де өл-
тирди.
4 Ертеңине Гедалияның өлти-
рилгени ҳаққында ҳеш ким бил-
мей турып, 5 Шехемнен, Шилодан
ҳәм Самариядан сексен адам келди.
Олар қайғыдан сақалларын қырқ-
қан, кийимлерин жыртқан, дене-
лерин тилген болып, қолларында
Жаратқан Ийениң Үйине алып кия-
тырған ғәлле садақасы менен хош
ийисли түтеткиси бар еди. 6 Олар-
ды күтип алыў ушын Миспадан Не-
тания улы Исмайыл жолға шықты.
Ол жылап ушырасып, оларға:
– Ахиқам улы Гедалияға барың-
лар, – деди.
7 Енди қала ортасына келгенде,
Нетания улы Исмайыл ҳәм оның
жанындағы адамлар оларды өл-
тирип, суў сақлағышқа таслады.
8 Бирақ олардың арасынан он адам
Исмайылға:
– Бизлерди өлтирме, бизлердиң
атызда жасырып қойған бийда-
йымыз, арпамыз, майымыз ҳәм
палымыз бар, – деди. Сонда ол
өзин тутып, оларды қасындағы-
лары менен бирге өлтирмей, аман
қалдырды.
9 Исмайыл Гедалияға тийисли
өлилердиң денелерин таслаған суў
сақлағыш жүдә үлкен болып, оны
патша Аса Израил патшасы Баа-
шадан қорғаныў ушын қаздыр-
ған еди. Нетания улы Исмайыл
оны өли денеге толтырды. 10 Ис-
майыл Миспадағы қалған пүткил
халықты – патшаның қызларын
ҳәм сақшылар баслығы Набуза-
радан Ахиқам улы Гедалияның
ықтыярына тапсырған Миспада
қалған пүткил халықты тутқын-
ға алды. Нетания улы Исмайыл
оларды айдап, аммонлар тәрепке
өтиў ушын жолға түсти.
11 Бирақ Қареах улы Юханан ҳәм
оның жанындағы пүткил әскер-
басылар Нетания улы Исмайыл
ислеген жынаятлары ҳаққында
еситкенде, 12 адамларының ҳәм-
месин алып, Нетания улы Исма-
йыл менен урысыў ушын жолға
шықты. Олар Гибондағы мол суў-
лы ҳәўиз жанында Исмайылдың
изинен жетти. 13 Исмайылдың қа-
сындағы пүткил халық Қареах улы
Юхананды ҳәм оның қасындағы
әскербасыларды көргенде, қуўа-
нып кетти. 14 Исмайыл Миспада
тутқынға алған адамлардың ҳәм-
меси изге, Қареах улы Юхананға
қарай жуўырды. 15 Бирақ Нетания
улы Исмайыл сегиз адамы менен
Юхананнан қутылып, аммонлар-
ға қашып кетти.

### Мысырға қашыў

16 Қареах улы Юханан ҳәм оның
жанындағы барлық әскербасылар
аман қалғанлардың ҳәммесин Ахи-
қам улы Гедалияны өлтирген Не-
тания улы Исмайылдан қутқарып,
ҳәм Гибоннан изге қайтарып алып
келген әскерлерди, ҳаялларды, ба-
лаларды, сарай хызметкерлерин
Миспадан алып шықты. 17 Олар
жол жүрип, Мысырға өтиў ушын,
Бейтлеҳем жақынындағы Герут-
Кимҳамда тоқтады. 18 Бабилония
патшасы ел үстинен ҳәким қылып
қойған Ахиқам улы Гедалияны Не-
тания улы Исмайыл өлтиргени се-
бепли, олар калдейлерден қорқты.

## Халықтың Еремиядан Қудайдың еркин билип бериўди сораўы

42 [1] Кейин барлық әскербасылар, Қареах улы Юханан, Ҳошая улы Езания ҳәм үлкен-киши пүткил халық Еремия пайғамбарға келип, [2] оған былай деди:

– Өтинишимизди қабыл етип, бизлер ушын, мына аман қалғанлар ушын Қудайың Жаратқан Ийеге дуўа ет. Көрип турғаныңдай, көптен аз қалдық. [3] Қай жерге барып, не ислейтуғынымызды Қудайың Жаратқан Ийе бизге көрсетсин.

[4] Еремия пайғамбар оларға:

– Яқшы, айтқаныңыздай, мен Қудайыңыз Жаратқан Ийеге дуўа етемен ҳәм Жаратқан Ийе не деп жуўап берсе де, оны сизлерге аян қыламан. Сизлерден ҳеш нәрсени жасырмайман, – деди. [5] Олар Еремияға және былай деди:

– Егер Қудайың Жаратқан Ийе бизге билдириў ушын саған аян еткен ҳәр бир сөзге әмел қылмасақ, Жаратқан Ийениң Өзи бизлерге қарсы ҳақыйқый ҳәм садық гүўа болсын. [6] Жақсы болса да, жаман болса да, бизлер сени жанына жиберип атырған Қудайымыз Жаратқан Ийеге қулақ асамыз. Қудайымыз Жаратқан Ийеге қулақ ассақ, абадан турмысқа ерисемиз.

[7] Он күннен кейин, Еремияға Жаратқан Ийеден сөз түсти. [8] Еремия Қареах улы Юхананды, оның менен бирге әскербасыларды ҳәм үлкен-киши пүткил халықты шақырып, [9] оларға былай деди:

– Өтинишиңизди билдириў ушын мени Израилдың Қудайы Жаратқан Ийениң дәргайына жиберген едиңиз. Ол былай дейди: [10] «Егер усы жерде қалсаңыз, Мен сизлерди қайта тиклеймен, қулатпайман, отырғызаман, қопарып тасламайман. Себеби Мен Өзим басыңызға салған апатшылық себепли өкинип атырман. [11] Өзлериңиз қорқып атырған Бабилония патшасынан енди қорқпаң. Оннан қорқпаң, – дейди Жаратқан Ийе, – Мен сизлер менен бирге боламан. Сизлерди оның қолынан қутқараман ҳәм азат етемен. [12] Мен сизлерге реҳим қыламан, сонда оның сизлерге жаны ашып, сизлерди өз жериңизге қайтарады».

[13] Егер сизлер: «Бул жерде қалыўды қәлемеймиз», – деп Қудайыңыз Жаратқан Ийениң сөзине қулақ салмасаңыз, [14] және: «Яқ, бизлер Мысырға кетемиз. Ол жерде урыс та көрмеймиз, оны хабарлаған кәрнай сестин де еситпеймиз, нанға зар болмаймыз, сол жерде жасаймыз», – десеңиз, [15] онда Яҳуданың аман қалғанлары, Жаратқан Ийениң сөзин тыңлаң! Израилдың Қудайы Әлемниң Жаратқан Ийеси былай дейди: «Егер сизлер Мысырға барыўға қарар етип, сол жерге барып жасасаңыз, [16] сизлер қорққан қылыш ол жерде изиңизден жетеди, сизлер қорққан ашлық Мысырда жағаңызға жабысады ҳәм сизлер сол жерде өлесиз. [17] Мысырға барып жасаўды қарар қылған ҳәр бир адам қылыштан, ашлықтан ҳәм иллеттен өледи. Мен басыңызға жаўдыратуғын апатшылықтан ҳеш ким тири қалмайды, ҳеш ким қашып та қутыла алмайды».

[18] Израилдың Қудайы Әлемниң Жаратқан Ийеси былай дейди:

«Ерусалим турғынларына қәҳәр-
ғәзебим төгилгениндей, Мысырға
киргенинизде, сизлерге де ғәзебим
төгиледи. Сизлер ғарғысқа қалып,
қорқынышлы көриниске айлана-
сыз, нәлетленип, насаққа қаласыз.
Бул жерди қайтып көрмейсиз».
19 Ҳәй, Яҳуданың аман қалғанла-
ры! Жаратқан Ийе сизлерге Мы-
сырға кетпеўди буйырды. Билип
қойың, бүгин мен сизлерге ескер-
тип атырман. 20 Мени Қудайыңыз
Жаратқан Ийениң дәргайына жи-
берип: «Бизлер ушын Қудайымыз
Жаратқан Ийеге дуўа ет. Оның айт-
қанларының ҳәммесин бизлерге
билдир, бизлер де оған әмел қы-
ламыз», – дегенинизде, үлкен қә-
теге жол қойдыңыз. 21 Мен бүгин
сизлерге буны билдирдим, бирақ
сизлер Қудайымыз Жаратқан Ийе-
ниң мен арқалы айтқан сөзлерине
қулақ салмадыңыз. 22 Енди жақсы-
лап билип қойың, барып жасамақ-
шы болған жериңизде қылыштан,
ашлықтан ҳәм иллеттен өлесиз.

## Еремияның Мысырға алып кетилиўи

43 1 Еремия пүткил халық-
қа өзлериниң Қудайы
Жаратқан Ийениң сөзлерин, өзле-
риниң Қудайы Жаратқан Ийениң
өзин жиберип айттырған сөзлерин
толық айтып болғанда, 2 Ҳошая
улы Азария, Қареах улы Юханан
ҳәм сурбет адамлардың ҳәммеси
Еремияға былай деди:
– Сен жалған айтып турсаң.
Қудайымыз Жаратқан Ийе сени
бизлерге: «Мысырға барып жаса-
маң», – деп айтыў ушын жибер-
ген жоқ. 3 Калдейлер бизлерди
өлтирсин ямаса Бабилонияға тут-
қын етип алып кетсин деп, биз-
лерди олардың қолына тапсырыў
ушын Нерия улы Барух сени биз-
лерге қарсы ийтермелемекте.
4 Солай етип, Қареах улы Юханан,
әскербасылар ҳәм пүткил халық
Жаратқан Ийениң Яҳудада қалыў
туўралы айтқан буйрығына қулақ
аспады. 5 Яҳудада жасаў ушын та-
рап кеткен жерлеринен қайтып
келген яҳудийлердиң аман қал-
ғанларының ҳәммесин Қареах улы
Юханан ҳәм әскербасылар ертип
кетти. 6 Булардан тысқары, олар
бабилонлы сақшылар баслығы На-
бузараданның Шафанның ақлығы
Ахиқам улы Гедалияның қасында
қалдырып кеткен адамларының
ҳәммесин: еркек ҳәм ҳаялларды,
балаларды, патшаның қызларын,
Еремия пайғамбарды ҳәм Нерия
улы Барухты өзлери менен алып
кетти. 7 Олар Жаратқан Ийеге қу-
лақ аспай, Мысыр жерине кетип,
Тахпанхеске жетип келди.
8 Тахпанхесте Еремияға Жаратқан
Ийеден сөз түсти:
9 – Қолыңа үлкен тасларды алып,
оларды Тахпанхестеги фараонның
сарайының кирер аўзындағы гер-
бишлер арасына көм. Буны яҳудий-
лердиң көз алдында исле. 10 Кейин
оларға айт: «Израилдың Қудайы
Әлемниң Жаратқан Ийеси былай
дейди: Мине, Мен Бабилония пат-
шасы қулым Набуходоносорды бул
жерге алып келип, оның тахтын
мына көмилген таслар үстине ор-
натаман. Набуходоносор патшалық
шатырын усы таслардың үстине ти-
геди. 11 Ол келип, Мысырды ўайран
қылады. Тәғдирине өлим жазылған

өледи, тәғдирине сүргин жазылған
сүргинге кетеди, тәғдирине қылыш
жазылған қылыш пенен шабыла-
ды. 12 Бабилония патшасы Мысыр
қудайларының бутханаларына от
қояды, бутларды жандырады, ба-
зыларын өзи менен алып кетеди.
Шопан тонын бүргеден тазалаған-
дай, Мысырды да солай тазалайды.
Кейин ол жерден аман-есен шығып
кетеди. 13 Ол Мысыр жериндеги
Қуяш қудайының бутханасында-
ғы Қуяш қудайына арнап қойылған
кийели тасларды бузып, Мысыр
қудайларының барлық бутхана-
ларын өртеп жибереди».

### Жаратқан Ийениң Мысырдағы яҳудийлерге жоллаған хабары

44 1 Мысырдың Мигдол, Тах-
панхес, Ноф қалаларында
ҳәм Патрус ўәлаятында жасаған
барлық яҳудийлер ҳаққында Ере-
мияға Жаратқан Ийеден сөз түсти:
2 – Израилдың Қудайы Әлем-
ниң Жаратқан Ийеси былай дейди:
«Сизлер Ерусалим ҳәм Яҳуданың
барлық қалаларына Мен жаўдыр-
ған апатшылықлардың ҳәммесин
көрдиңлер. Мине, ҳәзир олар бо-
сап қалған, оларда ҳеш ким жаса-
майды. 3 Олар өзлери де, сизлер
де, сизлердиң ата-бабаларыңыз
да билмеген басқа қудайларға ар-
нап түтетки түтетип, хызмет етип,
өзлериниң жаўыз ислери менен
Мениң ғәзебимди келтирди. 4 Мен
сизлерге қулларым болған пайғам-
барлардың ҳәммесин қайта-қай-
та жиберип: „Мен жек көретуғын
бул жеркенишли ислерди исле-
мең“, – деп айттырдым. 5 Бирақ
олар тыңламады, қулақ аспады.
Жаўыз ислеринен қайтпады, бас-
қа қудайларға арнап түтетки тү-
тетиўин даўам ете берди. 6 Сонда
қәҳәрим ҳәм ғәзебим төгилип, Яҳу-
да қалаларында ҳәм Ерусалим кө-
шелеринде лаўлап жанды. Ҳәзир
көрип турғаныңыздай, олар қара-
бақанаға ҳәм шөлге айланды.
7 Енди Израилдың Қудайы, Әлем-
ниң Қудайы Жаратқан Ийе былай
дейди: Не ушын бул аўыр нәрсе-
лерди басыңызға түсирмекшисиз?
Яҳудадан келген еркек, ҳаял, бала
ҳәм бөпелердиң басына жетип, өзи-
ңизден кейин тұқым қалмаў ушын
ба? 8 Не ушын өзиңиз жасаў ушын
келген Мысыр жеринде басқа қу-
дайларға түтетки түтетип, қолдан
ислеген бутларыңыз бенен Мени
ғәзеплендирип атырсыз? Өзиңиз-
ди қуртып, жер бетиндеги барлық
халықлардың ғарғысына ушырап,
насаққа қалыў ушын ба? 9 Яҳуда
жеринде, Ерусалим көшелерин-
де ата-бабаларыңыздың, Яҳуда
патшаларының, олардың ҳаялла-
рының, өзлериңиздиң ҳәм ҳаялла-
рыңыздың ислеген жаман ислерин
умыттыңыз ба? 10 Олар бул күнге
дейин тәўбе қылмады, қорқпады,
сизлерге ҳәм ата-бабаларыңызға
берген Нызамым ҳәм қағыйдала-
рым бойынша жасамады.
11 Сонлықтан Израилдың Қудайы,
Әлемниң Жаратқан Ийеси былай
дейди: Мен үстиңизге апатшы-
лық жаўдырып, Яҳуда халқын пүт-
киллей жоқ қылыўға қарар еттим.
12 Мысырға келип, усы жерде жа-
сап қалыўға қарар қылған яҳудий-
лердиң аман қалғанларын қолға
аламан, ҳәммеси Мысыр жеринде

қулап, жоқ қылынады, қылыштан
ҳәм ашлықтан өлип кетеди. Кишке-
несинен үлкенине дейин қылыш-
тан ҳәм ашлықтан өледи. Олар
ғарғысқа ушырып, қорқынышлы
көриниске айланады, нәлетленип,
насаққа қалады. 13 Ерусалимди жа-
залағанымдай, Мысыр жеринде
жасап атырғанларды да қылыш,
ашлық ҳәм иллет пенен жаза-
лайман. 14 Жасаў ушын Мысырға
келген яҳудийлердиң аман қалған-
ларының ҳеш бири қутылып, ти-
ри қалып, Яҳудаға қайта алмайды.
Ол жерге қайтып барып жасаўды
жан-тәни менен қәлесе де, бир-еки
қашқыннан басқа ҳеш ким қайтып
бара алмайды».

15 Ҳаялларының басқа қудай-
ларға түтетки түтеткенин билген
барлық еркеклер, сол жерде тур-
ған барлық ҳаяллар, үлкен жәмә-
әт – Мысырдың Патрус ўәлаятында
жасап атырған пүткил халық Ере-
мияға былай деди:

16 – Бизлер сениң Жаратқан Ийе-
ниң атынан айтқан сөзлериңе қу-
лақ салмаймыз. 17 Бизлер ҳәммесин
өзимиз берген антқа сай ислеймиз:
Аспан ханшасына түтетки түтете-
миз, оған арнап ишимлик садақа-
сын қуямыз. Бизлер өзлеримиз,
ата-бабаларымыз, патшаларымыз
ҳәм ҳәмелдарларымыз Яҳуда қала-
ларында, Ерусалим көшелеринде
нелер қылған болсақ, соны қы-
ламыз. Сол ўақытта тойып жеп,
абадан турмыс кеширип, жаман-
лық көрмеген един. 18 Бирақ Ас-
пан ханшасына түтетки түтетип,
оған арнап ишимлик садақаларын
қуйыўды тоқтатқанымыздан бе-
ри, жетиспеўшиликтен басымыз
шықпайды, қылыштан ҳәм ашлық-
тан қырылып атырмыз.

19 Ҳаяллар да былай деди:

– Бизлердиң Аспан ханшасына
түтетки түтетип, ишимлик сада-
қасын усынғанымыздан, оның кө-
ринисинде, оған арнап шөреклер
жапқанымыздан күйеўлеримиз-
диң хабары жоқ деп ойлайсыз ба?

20 Сонда Еремия пүткил халыққа,
оған жуўап берген еркеклер менен
ҳаялларға былай деди:

21 – Сизлер өзлериңиз, ата-ба-
баларыңыз, патшаларыңыз, ҳә-
мелдарларыңыз, үлке халқы Яҳуда
қалаларында ҳәм Ерусалим көше-
леринде түтетки түтеткениңизди
Жаратқан Ийе умытып кетти дей-
сиз бе? Ямаса бул Оның жүрегине
жетип бармады деп ойлайсыз ба?
22 Жаратқан Ийе ислеген жаман
ҳәм жеркенишли ислериңизге ар-
тық тақат қыла алмағаны себепли,
ҳәзир елиңиз ўайран болып, қор-
қынышлы көриниске айланды, ғар-
ғысқа ушырап адамсыз қаңырап
қалды. 23 Бутларға арнап түтетки
түтетип, Жаратқан Ийеге қарсы
гүна иследиңиз. Оның даўысына
қулақ салмадыңыз, Оның Нызамы-
на, қағыйдаларына ҳәм шәртлери-
не сай жасамадыңыз. Сонлықтан
бүгин көрип турған апатшылық
басыңызға түсти.

24 Еремия пүткил халыққа ҳәм
ҳаялларға және былай деди:

– Мысыр жериндеги яҳудийлер-
диң ҳәммеси, Жаратқан Ийениң сө-
зин тыңлаң! 25 Израилдың Қудайы
Әлемниң Жаратқан Ийеси былай
дейди: «Сизлер ҳаялларыңыз бенен
бирге: „Аспан ханшасына түтетки
түтетип, оған ишимлик садақасын

қуямыз“, – деп ишкен антларымыз-
ды сөзсиз орынлаймыз деп, аўзы-
ңыз бенен айтып, қолыңыз бенен
иследиңиз. Яқшы, айтқаныңыз-
ды қылың, ишкен антларыңызды
орынлаң!»
26 Енди Мысыр жеринде жа-
сап атырған пүткил яҳудийлер,
Жаратқан Ийениң сөзин тыңлаң:
«Мен Өзимниң уллы атым менен
ант ишемен, – дейди Жаратқан
Ийе, – пүткил Мысыр бойлап жа-
сап атырған яҳудийлердиң ҳеш
бири буннан былай Мениң атым-
ды тилге алмайды, „Қудай Ийе
ҳақы“ деп ант ишпейди. 27 Мен
жақсылық емес, ал жаманлық кел-
тириў ушын оларды қадағалап
тураман. Мысырдағы яҳудийлер-
диң бирде биреўи қалмағанша,
қылыштан ҳәм ашлықтан қыры-
лып барады. 28 Қылыштан аман
қалған жүдә аз санлы яҳудийлер
Мысырдан Яҳуда жерине қайтып
барады. Сонда Мысырда жасаў
ушын келгенлерден аман қалған-
лар кимниң сөзиниң жүзеге аса-
туғынын, яғный Мениң сөзим бе
ямаса олардики ме, буны билип
алады. 29 Мениң сизлерди усы
жерде жазалаўым, сизлер ушын
нышан болады, – дейди Жаратқан
Ийе. Сонда Мениң сизлерге айт-
қан сөзимниң орынланатуғынын
билип аласыз.
30 Жаратқан Ийе былай дейди:
Яҳуда патшасы Седекияны оның
жанында қасты болған душпаны
Бабилония патшасы Набуходоно-
сордың қолына бергеним сыяқлы,
Мысыр патшасы фараон Хофраны
да оның жанында қасты болған
душпанларының қолына беремен».

## Жаратқан Ийениң Барухқа айтқан сөзи

**45** 1 Яҳуда патшасы Иошия
улы Еҳоякимниң патша-
лығының төртинши жылында
Нерия улы Барух Еремияның аў-
зынан мына сөзлерди китапқа
жазып отырғанда, Еремия пайғам-
бардың Барухқа айтқан сөзи:
2 – Барух, Израилдың Қудайы
Жаратқан Ийе саған былай дейди:
3 «Сен: „Сорым қурысын! Өйт-
кени Жаратқан Ийе дәртиме қай-
ғы-ҳәсирет қосты, ыңқылдай
берип шаршадым, ҳеш тыныш-
лық таппай атырман“, – дейсең».
4 Жаратқан Ийе маған Барухқа
былай деп айт деди: «Мына пүт-
кил жер жүзинде қурғанымды
қырып таслайман, еккенимди
суўырып таслайман. 5 Сен өзиң
ушын уллы нәрселерди излейсең
бе? Излеме, себеби Мен пүткил
адамзаттың басына апатшылық
жаўдыраман, – дейди Жаратқан
Ийе. – Ал саған ҳәмме жерде, қа-
яққа барсаң да жаныңды өзиңе
олжа қыламан».

## Мысыр туўралы пайғамбаршылық

**46** 1 Еремия пайғамбарға мил-
летлер ҳаққында Жаратқан
Ийеден сөз түсти.
2 Мысыр туўралы хабар: Яҳуда
патшасы Иошия улы Еҳоякимниң
патшалығының төртинши жы-
лында Бабилония патшасы На-
буходоносор Евфрат дәрьясының
жағасындағы Каркемиште Мысыр
патшасы фараон Нехоның ордасын
қырғынға ушыратты.

3 «Қалқанлардытаярлап,саўашқа
киристиң!
4 Атларыңызды ертлеп, атларға
миниң!
Дуўлығаңызды кийип, сапқа
дизилиң!
Найзаларды егеп, саўытларды
кийиң!
5 Мен не көрип турман?
Олар қорқып, шегинип атыр,
Жаўынгерлери жеңилип,
Артына қарамай, қашып
баратыр.
Ҳәр тәрептен қорқыныш
бийлеп алған,
– дейди Жаратқан Ийе. –
6 Жүйрик қашып қутыла алмас,
Батыр қашып кете алмас.
Арқада, Евфрат дәрьясы
бойында,
Олар сүрнигип, жығылады.
7 Нил киби тасып,
Суўлары бурқасынлаған
дәрьядай болған ким?
8 Нил киби тасып,
Суўлары бурқасынлаған
дәрьядай болған бул –
Мысыр.
Ол: „Тасып, дүнья жүзин
қаплайман,
Қаланы турғынлары менен жоқ
қыламан“, – дейди.
9 Ҳәй, атлар, алға басың!
Ҳәй, арбалар, жел болып ушың!
Мәрт жаўынгерлер ҳүжимге
өтсин:
Хабаштан әскерлери, Пут
қалқаншылары,
Шебер сарыжайшы Луд
әскерлери.

10 Бул күн Ийениң, Әлемниң
Жаратқан Ийесиниң күни.
Бул күн Оның душпанларынан
өш алынатуғын төлем күни.
Қылыш тойғанша,
Қанға шөли қанғанша
жалмайды.
Евфрат дәрьясының
арқасындағы жерлерде,
Ийе, Әлемниң Жаратқан Ийеси
ушын қурбанлық болады.

11 Ҳәй, пәк қыз Мысыр,
Гиладқа барып, мәлҳәм ал.
Қанша дәри ишсең де, бийпайда,
Сениң дәртиңе даўа жоқ.
12 Шерменделигиңди миллетлер
еситти,
Жер бети пәриядыңа толды.
Әскер әскерге дүгисип,
Екеўи де жерге қулады».

13 Бабилония патшасы Набухо-
доносордың урысыў ушын Мысыр
елине келетуғыны туўралы Еремия
пайғамбарға Жаратқан Ийе мына
сөзди айтты:

14 «Мысырда жәриялаң, Мигдолда
жар салың,
Нофта ҳәм Тахпанхесте
еситтирип, былай дең:
„Турып, таярланың,
Қылыш дөгерегиңиздегилерди
қырып таслайды“.
15 Не ушын қудайың Апис қашты?
Буғаң не ушын аяқта тура
алмады?
Себеби Жаратқан Ийе оны жер
менен жексен етти.
16 Ол жығылғанларды көбейтти,
Олар бир-бириниң үстине
жығылып атырып:
„Бол тез, залымның
қылышынан қашып,

Өз халқымызға, туўылған
мәканымызға қайтайық!“ –
дейди.
17 Ол жерде болса: „Мысыр
патшасы фараон тек
мақтаншақ,
Ол пурсатты қолдан
шығарды“, – дейди.

18 Аты Әлемниң Жаратқан Ийеси
болған Патша былай
дейди:
Өз тирилигим ҳақы ант ишемен:
Таўлар арасында Табор таўы
қандай болса,
Теңиз жағасындағы Кармел
таўы қандай болса,
Сизлерге киятырған душпан да
сондай.
19 Ҳәй, қыз Мысырдың
турғынлары!
Түйиншигиңизди түйип,
сүргинге таярланың.
Ноф ўайран болып,
Адамсыз ҳүўлеп қалады.

20 Мысыр жүдә сулыў қашар,
Бирақ арқаның соналары
жапырылып оған ушып
келеди.
21 Оның жалланба әскерлери,
Баққы танадай болса да,
Шегинип, бирликте изге
қашады,
Олардың жеринде тура алмайды.
Себеби олардың апатшылыққа
ушырайтуғын күни,
Жазаланатуғын ўақты жетип
келди.
22 Душпанның күшли ордасы
жақынлаған сайын,
Мысыр жыландай ысылдайды.
Отын шабатуғын адамлардай,
Душпан балталар менен келеди.
23 Тығыз тоғайдай болса да,
Оны шаўып таслайды,
– дейди Жаратқан Ийе. –
Олар шегирткелерден де көп,
Есапсыз, сан-санақсыз.
24 Қыз Мысыр шерменде болып,
Арқа халқының қолына
бериледи».

25 Израилдың Қудайы Әлемниң
Жаратқан Ийеси былай дейди: «Мен
Но қаласының қудайы Амонды, фа-
раонды, Мысыр менен оның қудай-
ларын, патшаларын ҳәм фараонға
үмит байлағанларды жазалайман.
26 Оларды олардың жанында қасты
болған Бабилония патшасы Набу-
ходоносордың ҳәм оның қуллары-
ның қолына беремен. Буннан кейин,
Мысырда бурынғыдай және халық
жасайды», – дейди Жаратқан Ийе.

## Жаратқан Ийе Өз халқын қутқарады

27 «Қулым Яқып, сен қорқпа!
Израил, қәўетерленбе!
Мен сени узақ еллерден,
Урпақларыңды сүргин етилген
жерлеринен қутқараман.
Яқып қайтып келип,
Тыныш ҳәм бийкәтер өмир
сүреди,
Ҳеш ким оны қорқытпайды.
28 Қорқпа, қулым Яқып!
Мен сениң менен биргемен,
– дейди Жаратқан Ийе. –
Сени Өзим араларына жиберген,
Миллетлердиң ҳәммесин жоқ
қыламан.
Бирақ сени жоқ қылмайман,
Тек әдалатлы түрде жаза беремен,
Жазасыз қалдырмайман».

## Филистлер туўралы пайғамбаршылық

**47** 1 Фараон Газаға ҳүжим қыл-
мастан алдын, Жаратқан
Ийеден Еремия пайғамбарға фи-
листлер туўралы сөз түсти.

2 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Арқадан суўлар көтерилип,
Дәрья киби толып тасып,
Жерди ҳәм оны толтырып
турған нәрселерди,
Қаланы ҳәм онда
жасайтуғынларды басып
кетеди.
Адамлар дад-пәрияд қылып,
Сол жерде жасайтуғын пүткил
халық аҳыў-нала шегеди.
3 Күшли атлардың туяқларының
дүрсилдисинен,
Саўаш арбаларының
тасырлысынан,
Дөңгелеклериниң
даўысларынан,
Қолларында дәрман қалмаған
әкелер,
Балаларына қайырылып та
қарамайды.
4 Сондай күн келеди,
Пүткил филистлер қырып
тасланады.
Тир менен Сидонның соңғы
аўқамласлары жоқ
қылынады.
Жаратқан Ийе Кафтор
жағасынан келген
филистлердиң,
Аман қалғанларын жоқ
қылады.
5 Газа аза тутып шашын
алдырады,
Ашкелон үнсиз қалады.
Тири қалған ойпатлық
турғынлары!
Қашанға дейин ғам шегип, өз
денеңизди тилкимлейсиз?

6 „Аҳ, Жаратқан Ийениң қылышы!
Қашан тыныш табасаң?
Қыныңа кир,
Тынышланып, демиңди ал!“
7 Жаратқан Ийе оған буйрық
берген болса,
Ол қалай тынышлансын?
Жаратқан Ийе Өз қылышын,
Ашкелонға ҳәм теңиз жағасына
жоллады».

## Моаб туўралы пайғамбаршылық

**48** 1 Израилдың Қудайы Әлем-
ниң Жаратқан Ийеси Моаб
туўралы былай дейди:

«Небоның соры қурып,
қарабақанаға айланады.
Кирятайым масқара болып,
басып алынады.
Шерменде болып, қорғаны
ўайран етиледи.
2 Моабтың даңқы сөнеди.
Хешбонда душпанлары оған
қарсы жоба дүзеди,
„Келиң, бул миллетти
қуртайық“, – деседи.
Мадмен қаласы, сениң сестиң
өшеди,
Қылыш сени қуўалайды.
3 Хоронайымнан дад-пәрияд
еситиледи:
„Уллы қырғыншылық ҳәм
ўайраншылық“.
4 Моаб қулады,
Балалары шыңғырып
жыламақта.

5 Өкирип жылаўы менен,
Лухит бийиклигине
көтериледи,
Хоронайымға түсетуғын жолда,
Қырғынның зарлы даўысын
еситеди.
6 Қашыңлар, бас саўғалаңлар!
Шөлдеги жыңғыл путасындай
жан сақлаңлар.

7 Моаб, сен ислеген ислериң
ушын,
Байлығыңа үмит байлағаның
ушын қолға алынасаң.
Руўханийлери ҳәм
ҳәмелдарлары менен,
Кемош сүргин етиледи.
8 Жаратқан Ийениң айтқанындай,
Ҳәр бир қаланы қырып
таслаўшы келеди,
Бирде бир қала аман қалмайды,
Ойпатлық набыт болады,
Тегислик жер менен жексен
болады.
9 Моабқа қәбир тасын қойың,
Оның қалалары шөлге
айланады,
Ол жерде ҳеш ким жасамайды.
10 Жаратқан Ийениң тапсырған
исин,
Немқурайды орынлағанға,
Оның қылышын қан төгиўден
тоқтатқанға нәлет жаўсын!

11 Моаб жаслығынан
бийқәтерликте,
Тындырылған шараптай
тыныш жасады.
Оны ыдыстан ыдысқа қуймады,
Сүргинге алып кетпеди.
Сонлықтан оның дәми
сақланып қалған,
Хош ийиси өзгермеген.

12 Бирақ оны ыдыстан ыдысқа
өзгертетуғын адамларды жибе-
ретуғын күнлер келеди, – дейди
Жаратқан Ийе. – Оны төгеди,
ыдысларын босатады ҳәм гүзе-
лерин шыл-пәрше етеди. 13 Изра-
илдың өзлери исенген Бейт-Эл
себепли уятқа қалғанындай, Мо-
аб та Кемош себепли уятқа қалады.

14 Сизлер қалайынша: „Бизлер
мәрт жаўынгерлермиз,
Саўашқа таяр батырлармыз“, –
дейсиз.
15 Моаб ўайран қылынады,
Қалалары басып алынады,
Сайланды жигитлери қырып
тасланады, – дейди,
Аты Әлемниң Жаратқан Ийеси
болған Патша.
16 Моабқа қырғын жақынласпақта,
Апат оған желдей ушып келмекте.
17 Айналасында жасайтуғынлар
ол ушын жылаңлар,
Оның атын билетуғынлар
жоқлаў айтып:
„Ўаҳ, қудиретли ҳаса,
Даңқлы таяқ қалай сынды?“ –
деңлер.

18 Қыз Дибон турғынлары!
Салтанатлы орныңыздан түсип,
Қурғақ жерде отырың.
Моабты қырғын қылған
сизлерге келип,
Қорғанларыңызды ўайран
қылады.
19 Ароер турғынлары!
Жол жағасында турып, нәзер
салың,
Қашқан еркектен ҳәм қутылған
ҳаялдан:
„Не болды?“ – деп сораң.

20 Моаб масқара болды, жоқ
қылынды!
Пәрияд етиң, өкирип жылаң!
Моабтың ўайран болғанын,
Арнон сайында жәрия етиң.
21 Тегисликтеги мына
қалалар үстинен ҳүким
шығарылды:
Холон, Яҳаса, Мефаат,
22 Дибон, Небо, Бейт-Диблатайым,
23 Кирятайым, Бейт-Гамул, Бейт-
Меон,
24 Керийот, Босра ҳәм Моабтың
узақ ҳәм жақын ҳәр бир
қаласы.
25 Моабтың шақы сынды, қолы
кесилди,
– дейди Жаратқан Ийе. –
26 Оны мәс болғанынша ишкизиң,
Себеби ол Жаратқан Ийеге
көкирек көтерди.
Моаб өз қусығына өзи аўнап
жатсын,
Адамларға күлки болсын.
27 Сен Израилдың үстинен
күлмедиң бе?
Ол туўралы сөз болса, бас
шайқайтуғындай,
Ол не урлық үстинде усланып
па еди?
28 Моаб турғынлары!
Қалаларыңызды таслап,
Жартаслар арасында жасаң.
Уясын үңгирдиң аўзына салған,
Кептердей болың.
29 Бизлер Моабтың тәкаббирлиги,
Оның аса менменлиги,
Өркөкиреклиги менен
бәлентпәрўазлығы,
Мақтаншақлығы ҳәм
паңпаңлығы туўралы
еситтик.
30 Мен оның сурбетлигин билемен,
– дейди Жаратқан Ийе, –
Оның мақтанғанлары бос,
ислери пуш.
31 Сол себепли Моаб ушын зарлап,
Пүткил Моаб ушын жылайман,
Кир-Херес халқы ушын жоқлаў
айтаман.
32 Сибманың жүзимзарлары!
Сениң ушын Язер ушын
жылағанымнан да көбирек
жылайман.
Сениң шақаларың теңизден
асып өтип,
Язерге дейин созылды.
Қырғын қылыўшы жазғы
жемисиңе,
Писип турған жүзимиңе ҳүжим
етти.
33 Моабтың бағ-бақшаларынан,
атызларынан,
Шадлық ҳәм қуўаныш тартып
алынды.
Жүзим сығылатуғын
шуқырлардан,
Ағатуғын шарапқа шек қойдым.
Онда енди қосық айтып жүзим
басқыланбайды.
Шаўқым-сүрен бола береди,
Бирақ ол қуўаныш шаўқымы
емес.

34 Олардың пәрияд етип бақырған
даўысы,
Хешбоннан Элале ҳәм Яҳасқа
дейин,
Соардан Хоронайымға ҳәм
Эглат-Шелишияға дейин
еситиледи.
Ҳәттеки, Нимрим суўлары да
қурып қалды.
35 Мен Моабтағы сыйыныў
орынларында қурбанлық
бергенди,

Өз қудайларына түтетки
түтеткенди,
Жоқ қыламан, – дейди
Жаратқан Ийе.
36 Сол себепли жүрегим сырнай
киби,
Моаб ушын сызлайды.
Кир-Херес халқы ушын,
Жүрегим сырнай киби
ыңыранады.
Себеби олар қолға киргизген
байлығынан журдай
болды.

37 Ҳәр бир адам шашын алдырып,
сақалын қырқып,
Қолларын тилип жарақатлап,
Аза кийимин кийген.
38 Моабтың барлық үшеклери
менен майданларында,
Ғалаба жыласқан даўыслар
еситиледи.
Себеби Мен Моабты керексиз
ыдыстай сындырып
тасладым,
– дейди Жаратқан Ийе.
39 Ўаҳ, Моаб қандай шыл-пәрше
болды!
Олар қатты бақырып
жыламақта!
Моаб шерменделиктен жүзин
жасырмақта!
Ол күлкиге қалып,
Әтирапындағылар ушын
қорқынышқа айланды.

40 Жаратқан Ийе былай дейди:
Қараң, қанатларын Моаб
үстине жайып,
Душпан бүркит киби ушып жүр.
41 Керийот қолға түседи,
Қорған қалалар басып
алынады.
Сол күни Моаб
жаўынгерлериниң жүреги,
Толғатып атырған
ҳаялдикиндей болады.
42 Моаб Жаратқан Ийеге қарсы
бас көтергени ушын,
Халықлар арасынан жоқ
қылынады.
43 Моаб турғынлары!
Сени қорқыныш, шуқыр ҳәм
дузақ күтпекте,
– дейди Жаратқан Ийе. –
44 Қорқыныштан қашқан шуқырға,
Шуқырдан шыққан дузаққа
түседи.
Өйткени Мениң Моабты,
Жазалайтуғын жылым келди,
– дейди Жаратқан Ийе. –
45 Ҳалдан тайған қашқынлар,
Хешбонның саясында тоқтайды.
Бирақ Хешбон қаласынан от,
Сихон патшаның қаласынан
жалын шығып,
Моаб елин жандырып,
Қозғаланшы халқын жалмайды.
46 Моаб, сорың қурысын!
Қудай Кемоштың халқы набыт
болды,
Улларың сүргинге айдалды,
Қызларың тутқынға алынды.
47 Бирақ ақырғы күнлерде Мен
Моабтың,
Абаданшылығын қайтарып
беремен», – дейди
Жаратқан Ийе.

Моабтың жазасы усы жерде жуўмағына жетеди.

### Аммон туўралы пайғамбаршылық

**49** 1 Жаратқан Ийе аммонлар
ҳаққында былай дейди:

«Израилдың уллары жоқ па?
Оның мийрасхоры жоқ па?
Онда не ушын Молохқа
табынатуғынлар,
Гад урыўының жерин ийелеп,
Халқы Гадтың қалаларында
жасап атыр?
2 Сонлықтан сондай күнлер
келеди,
– дейди Жаратқан Ийе, –
Аммонлардың бас қаласы
Раббаға қарсы,
Урыс дабылын қақтыраман.
Ол үйилген топыраққа
айланады, өртеледи.
Сонда Израил өзлеринен
тартып алынғанларды
ийелейди,
– дейди Жаратқан Ийе. –
3 Зар жыла, Хешбон!
Өйткени Ай қаласы қырып
тасланды.
Рабба ҳаяллары пәрияд етиң!
Аза кийимин кийип, өкирип
жылаң!
Атызларда гезип жүриң!
Өйткени руўханийлери ҳәм
ҳәмелдарлары менен,
Молох сүргин қылынады.
4 Ойпатлықларың менен неге
мақтанасаң?
Ойпатлықларың набыт болады.
Бийопа қыз, ғәзийнелериңе
исенип:
„Маған ким ҳүжим ете алады?“ –
дедиң.
5 Мен Өзим саған ҳәмме тәрептен,
Қорқыныш жиберемен,
– дейди Ийе, Әлемниң
Жаратқан Ийеси. –
Сизлер қуўылып, тарап қашасыз,
Қашқынларды ҳеш ким қайта
жыйнамайды.
6 Бирақ буннан кейин, Мен
аммонлардың,
Бурынғы абаданшылығын
қайтарып беремен», –
дейди Жаратқан Ийе.

## Эдом туўралы пайғамбаршылық

7 Эдом туўралы Әлемниң
Жаратқан Ийеси былай
дейди:
«Теманда енди даналық жоқ па?
Даналарда мәсләҳәт қалмады
ма?
Олардың даналығы ғайып
болды ма?
8 Дедан турғынлары!
Артыңызға қарамай, қашып,
Үңгирлерге жасырының.
Мен Эсаўды жазалағанымда,
Басына апатшылық
жаўдыраман.
9 Бағында жүзим тергенлер,
Азғантай болса да жүзим
қалдырмас па еди?
Түнде келген урылар,
Керегин урламас па еди?
10 Бирақ Эсаўды тыр жалаңаш
қыламан,
Сырлы жерлерин әшкара
қыламан,
Ол жасырына алмайды.
Оның урпақлары,
Ағайин ҳәм қоңсылары жоқ
қылынады,
Өзи де жоқ болады.
11 Ҳеш ким: „Жетимлериңизди
қалдырың,
Олардың жанын сақлайман.
Жесирлериңиз де маған
үмит байласын“, – дей
алмайды».

12 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Жаза кесесинен ишиўи керек
болмағанлар да,
Оннан ишкенде, сен жазасыз
қаласаң ба?
Яқ, жазасыз қалмайсаң,
Әлбетте, оннан ишесең.
13 Өз атым менен ант ишемен,
– дейди Жаратқан Ийе, –
Босра қорқынышлы көриниске
айланып, насаққа қалады,
Шөлге айланып, ғарғысқа
дуўшар болады.
Оның барлық қалалары мәңги
босап қалады».

14 Мен Жаратқан Ийеден бир
хабар еситтим,
Миллетлерге жолланған
жаршы:
«Бир жерге жыйналып, оған
қарсы шығың,
Аяққа турып, саўашқа
атланың!» – деди.

15 «Мен сени миллетлер арасында
арзымас,
Адамлар арасында жек
көринишли қыламан.
16 Қәўетерге түсиўиң ҳәм тәкаббир
жүрегиң,
Сени алдады.
Ҳәй, жартастың жарықларында
жасайтуғын,
Төбелердиң бийик
шоққыларын ийелеген!
Бүркит киби уяңды бәлент
қурсаң да,
Сени ол жерден төменге
түсиремен,
– дейди Жаратқан Ийе. –
17 Эдом қорқынышлы көриниске
айланады.
Ол жерден өткен ҳәр бир
адамның жүреги суўлап,
Апатшылықлары себепли
жаны түршигеди.
18 Содом менен Гомора ҳәм
олардың әтирапындағы
қалалардың,
Жер менен жексен болғаны
сыяқлы,
– дейди Жаратқан Ийе, –
Эдомда да бирде бир адам
жасамайды,
Тири жан қалмайды.

19 Мен Иордан бойындағы қалың
тоғайдан,
Жап-жасыл жайлаўға шыққан
арыслан сыяқлы,
Эдом халқын ол жерден асығыс
қуўып шығаман.
Мен оларға патша беремен,
бирақ ол оларды қорғай
ала ма?
Себеби Маған тең келетуғын
ким бар?
Меннен ким есап талап қыла
алады?
Қайсы патша Маған қарсы тура
алады?»

20 Сонлықтан Жаратқан Ийениң
Эдомға қарсы дүзген
жобасын,
Теман турғынлары ушын
нийетлеген мақсетин
еситиң:
«Ҳақыйқатында, сүриўдеги ең
жасы да сүйреп кетиледи,
Олардың жайлаўлары босап
қалады.
21 Олардың қулаған даўысынан,
Жер жүзи ләрзеге келеди.
Қышқырысқан даўыслары,

Қызыл теңизге дейин
еситиледи.
22 Әне, душпан бүркит киби
жоқары ушып,
Қанатларын Босраның үстине
жайды.
Сол күни Эдом әскерлериниң
жүреги,
Толғатқан ҳаялдың жүрегиндей
болады».

### Дамаск туўралы пайғамбаршылық

23 Дамаск туўралы
пайғамбаршылық:
«Хамат ҳәм Арпад уятқа қалды,
Қорқынышлы хабарды еситип,
қатты муңайды.
Руўхы түсип,
Толқын көтерилген теңиздей
басылмайды.
24 Дамаск ҳәлсиреп, қаша жөнелди,
Оны қорқыныш бийлеп алды.
Толғақ тутқан ҳаялдай,
Оны азап ҳәм дәрт тутты.
25 Қуўанышым мәканы болған,
Бул даңқлы қала қалайынша
таслап кетилди?
26 Оның жас жигитлери көшелерде
өледи,
Барлық әскерлери сол күни
қаза табады,
– дейди, Әлемниң Жаратқан
Ийеси. –
27 Дамаск дийўалларына от
қояман,
Бен-Ҳадад қорған қаласын өрт
жалмайды».

### Кедар ҳәм Хасор туўралы пайғамбаршылық

28 Бабилония патшасы Набуходо-
носор басып алған Кедар ҳәм Хасор
патшалықлары туўралы Жаратқан
Ийе былай дейди:

«Барып, Кедарға ҳүжим қылың,
Шығыстағы халықларды жоқ
қылың!
29 Олардың шатырлары менен
сүриўлери тартып алынады,
Перделери, буйымлары,
түйелери талан-тараж
қылынады,
Адамлар ўай-ўайлап: „Қәўип
дөнбекте“, – деп
бақырысады.
30 Хасор турғынлары! Қашыңлар,
Узақларға кетиңлер,
Үңгирлерге жасырыныңлар!
– дейди Жаратқан Ийе. –
Себеби Бабилония патшасы
Набуходоносор,
Сизлер ушын қарар қабыл етти,
Сизлерге қарсы жоба дүзди.
31 Барың, тыныш ҳәм қәўипсиз
жасап атырған,
Халыққа ҳүжим етиң,
– дейди Жаратқан Ийе. –
Олардың дәрўазалары да,
тәмбилери де жоқ,
Олар жеке жасайды.
32 Олардың түйелери олжаланып,
Көп маллары қолға алынады.
Тулымшақларын кестирип
жүретуғын бул адамларды,
Төрт тәрепке тарқатып
жиберемен,
Ҳәр тәрептен оларға апат
жиберемен,
– дейди Жаратқан Ийе. –
33 Хасор мәңгиге қаңырап,
Сағаллар мәканына айланады.
Ол жерде бирде бир адам
жасамайды,
Тири жан қалмайды».

## Элам туўралы пайғамбаршылық

34 Яҳуда патшасы Седекияның
патшалығының басларында Ере-
мия пайғамбарға Элам ҳаққында
сөз түсти.
35 Әлемниң Жаратқан Ийеси
былай деди:
«Эламның қүдиретиниң негизи
болған,
Садағын сындыраман,
36 Аспанның төрт тәрепинен
жиберилген самал менен,
Эламды төрт тәрепке тарқатып
жиберемен.
Эламнан сүргин етилгенлердиң,
Аяқ баспаған журты қалмайды.
37 Эламды душпанларының,
Жанында қасты болғанлардың
алдында албыратаман.
Мен лаўлаған ғәзебимди,
Үстине апат қылып жаўдыраман,
– дейди Жаратқан Ийе. –
Оларды пүткиллей жоқ
қылмағанша,
Изине қылыш саламан.
38 Мен тахтымды Эламға орнатып,
Оның патшасын ҳәм
ҳәмелдарларын жоқ
қыламан,
– дейди Жаратқан Ийе. –
39 Бирақ ақырғы күнлерде Эламға,
Абаданшылығын қайтарып
беремен»,
– дейди Жаратқан Ийе.

## Бабилония туўралы пайғамбаршылық

50 1 Бабилон ҳәм калдей-
лердиң жери ҳаққында
Жаратқан Ийениң Еремия пайғам-
бар арқалы айтқан сөзи мынаў:
2 «Миллетлер арасында
жәриялап, жар салың,
Байрақ көтериң, оларға
еситтириң,
Ҳеш нәрсени жасырмай айтың:
„Бабилон қолға алынды,
Қудайы Бел шерменде болды,
Қудайы Меродах шилпәрше
болды.
Оның бутлары масқара болды,
Мүсинлери сындырып
тасланды“.
3 Себеби арқадан бир миллет оған
қарсы шығып,
Оның жерин шөлге
айландырады.
Ол жерде ҳеш ким жасамайды,
Адам да, ҳайўан да оннан
қашып кетеди.
4 Сол күнлери ҳәм сол ўақытлары,
– дейди Жаратқан Ийе, –
Израил халқы Яҳуда халқы
менен бирге,
Көз жас төгип келип,
Өзлериниң Қудайы Жаратқан
Ийени излейди.
5 Олар Сионға қарай бет бурып,
Оған баратуғын жолды
сорайды.
„Келиң, умытылмайтуғын
мәңгилик келисим дүзип,
Жаратқан Ийе менен
жарасайық“, – дейди.
6 Мениң халқым адасқан
қойлардай,
Шопанлары оларды адастырып,
Таўларға айдап жиберди,
Олар таў-төбелерде гезип,
Өз өрисин умытты.
7 Қойларыма дус келген оларды
жеди,
Душпанлары: „Биз айыплы
емеспиз,

Олар ҳақыйқат өриси болған
Жаратқан Ийеге,
Ата-бабаларының үмити
болған,
Жаратқан Ийеге қарсы гүна
иследи“, – дейди.

8 Бабилоннан қашып кетиң,
Калдейлердиң жеринен шығып
кетиң,
Сүриўди баслап жүрген текедей
болың.
9 Мине, Мен арқадағы уллы
миллетлер топарын,
Бабилонға қарсы көтерип,
алып келемен.
Олар Бабилонға қарсы сап
тартып турады,
Оны қолға алады.
Оқлары мерген әскердикиндей,
Ҳеш бири бос кетпейди.
10 Калдейлер талан-тараж
қылынып,
Оны талағанлардың бәри
олжаға батып қалады,
– дейди Жаратқан Ийе.

11 Ҳәй, мийрасымды талаған
бабилониялылар!
Сизлер мәс болып,
йошландыңлар,
Отлақтағы қашардай секирип
қуўанып,
Айғырдай киснедиңлер.
12 Бирақ ана журтыңыз уятқа
қалады,
Киндик қаныңыз тамған жер
аяқ асты болады.
Ол миллетлер ишиндеги ең
әҳмийетсизи болып,
Шөлге, қуў далаға, сахраға
айланады.
13 Жаратқан Ийениң ғәзебинен,
Елсиз болып, пүткиллей
қаңырап қалады.
Бабилоннан өткен ҳәр бир
адамның жүреги суўлап,
Апатшылықлары себепли
жаны түршигеди.
14 Ҳәй, садақшылар,
Бабилон әтирапына сап тартып
турың.
Оған оқ атың, оқларды аямаң,
Себеби ол Жаратқан Ийеге
қарсы гүна иследи.
15 Ҳәмме тәрептен қалаға қарай
бақырың!
Ол тәслим болды, минаралары
қулады,
Дийўаллары жер менен жексен
болды.
Бул Жаратқан Ийениң өши,
оннан өш алың,
Өзи не ислеген болса, өзине де
соны ислең.
16 Бабилонияда егин еккенди,
Орақ ўақтында орақшыны да
жоқ қылың.
Душпан қылышынан қашып,
Ҳәр бир адам өз халқына
қайтсын,
Өз ўатанына қашып барсын».

## Израилдың қайта тиклениўи

17 «Израил арысланлар қуўып,
Сүриўден айырылып қалған
қойға уқсайды.
Дәслеп оны Ассирия патшасы
жалмады,
Ал мына, оның сүйегин
кемирген соңғысы,
Бабилония патшасы
Набуходоносор болды.
18 Сонлықтан Израилдың Қудайы,
Әлемниң Жаратқан Ийеси
былай дейди:

Мен Ассирия патшасын қалай
жазалаған болсам,
Бабилония патшасы менен
оның елин де солай
жазалайман.
19 Израилды және өз өрисине
қайтараман,
Ол Кармелде, Башанда отлап,
Эфрайым таўларында ҳәм
Гиладта тойып жүреди.
20 Сол күнлери ҳәм сол ўақытта,
– дейди Жаратқан Ийе, –
Израилдың айыбы изленеди,
Бирақ ҳеш бир айып
табылмайды.
Яҳуданың гүнасы изленеди,
Бирақ оннан ҳеш бир гүна
табылмайды.
Мен аман қалдырғанларымды
кеширемен».

**Жаратқан Ийениң Бабилонияны жазалаўы**

21 «Мератайым жерине ҳәм
Пекод[a] халқына ҳүжим
қылыңлар.
Оларды қырып, толық жоқ
қылың,
– дейди Жаратқан Ийе. –
Өзиңе буйырғанлардың
ҳәммесин орынла.
22 Бабилонияда урыс шаўқымы
ҳәм уллы ўайраншылық!
23 Пүткил дүньяны тоқпақлап
езген Бабилония,
Енди қаншелли сынып,
майдаланды!
Ол миллетлер арасында,
Қандай қорқынышлы
көриниске айланды!
24 Мен саған дузақ қурдым,
Бабилон, сен билмей, оған
түстиң.
Жаратқан Ийеге қарсы
шыққаның ушын,
Сен табылдың ҳәм тутқынға
алындың.
25 Ийениң, Әлемниң Жаратқан
Ийесиниң,
Калдейлердиң жеринде
ислейтуғын иси болғаны
себепли,
Жаратқан Ийе зат сақлайтуғын
бөлмесин ашып,
Оннан ғәзеп қуралларын
шығарды.
26 Бабилонға ҳәр тәрептен ҳүжим
қылың.
Оның дәрўазаларын ашың,
Қаладағының ҳәммесин үйин-
үйин қылып жыйнап,
Пүткиллей жоқ қылың.
Оннан ҳеш нәрсе қалдырмаң.
27 Барлық батырларын өлтириң,
Қырып таслаң.
Олардың соры қурысын!
Өйткени олардың күни келди,
Жаза алатуғын ўақты жетти.

28 Бабилониядан қашып қайтып
келгенлердиң даўысы
еситиледи.
Олар Сионға келип,
Қудайымыз Жаратқан Ийениң
өшин,
Өз Ибадатханасы ушын алған
өшин жәрияламақшы.
29 Сарыжайшыларды, оқ
ататуғынлардың
ҳәммесин,

---

a **50:21** *Мератайым... Пекод* – бул атамалар арқалы пүткил Бабилония нәзерде тутылған.

Бабилонның қарсысына
шақырың.
Қаланы қоршаўға алың,
Ҳеш ким қутылып кете
алмасын.
Ислеген исине жараса
қайтарың,
Өзи не ислеген болса, өзине де
соны ислең.
Себеби ол Израилдың
Мухаддесине,
Жаратқан Ийеге қарсы көкирек
көтерди.
30 Сонлықтан жас жигитлери
көшелерде өлип,
Барлық әскерлери сол күни
қаза табады, – дейди
Жаратқан Ийе.

31 Ҳәй, тәкаббир, Мен саған
қарсыман,
– дейди Ийе, Әлемниң
Жаратқан Ийеси. –
Сениң күниң келди, Мен сени
жазалайтуғын ўақыт жетти.
32 Тәкаббир сүрнигип жығылады,
Оны ҳеш ким орнынан
турғызбайды.
Оның қалаларына от қояман,
Дөгерегиндегилердиң
ҳәммесин от жалмайды».

33 Әлемниң Жаратқан Ийеси
былай дейди:
«Израил менен Яҳуда да жәбир
шекпекте,
Тутқынға алғанлардың ҳәммеси
оларды беккем услап,
Азат қылыўдан бас тартпақта.
34 Бирақ олардың әмеңгери күшли,
Оның аты Әлемниң Жаратқан
Ийеси,
Ол Израилдың исин жақлайды.
Жер жүзине тынышлық,
Ал Бабилония турғынларына
зобалаң береди.

35 Калдейлерге қылыш дөнсин!
– дейди Жаратқан Ийе. –
Бабилон турғынларына,
Басшыларына ҳәм
данышпанларына қылыш
дөнсин!
36 Жалған пайғамбарларына
қылыш дөнсин!
Олар ақмақлық қылмақта!
Әскерлерине қылыш дөнсин!
Олар набыт болмақта!
37 Атларына, саўаш арбаларына,
Басқа миллетлерден жаллап
алған әскерлерине қылыш
дөнсин!
Олар ҳаял сыяқлы ҳәлсиз
болады.
Оның ғәзийнесине қылыш
дөнсин!
Олар талан-тараж болады.
38 Қурғақшылық басланып,
Суўлар тартылып, қурып
қалсын,
Өйткени бул жер бутлар
мәканы.
Қорқынышлы бутлар себепли,
Адамлар ақылдан азды.
39 Енди ол жерде жабайы
ҳайўанлар,
Сыртланлар ҳәм үкилер
жасайды.
Онда адам жасамайды,
Әўладтан-әўладқа ҳеш ким аяқ
баспайды.
40 Содом менен Гомораның,
Олардың әтирапындағы
қалалардың,
Жер менен жексен болғаны
сыяқлы,

Ол жерде де бирде бир адам
жасамайды,
Тири жан қалмайды, – дейди
Жаратқан Ийе.

41 Мине, арқадан бир халық киятыр.
Дүньяның шетинен бир уллы
миллет,
Сондай-ақ көплеген патшалар
аяққа турмақта.
42 Олар оқ жай ҳәм семсер менен
қуралланған,
Өзлери де жаўыз ҳәм реҳимсиз.
Атларға минип шаўқан сести,
Теңиз сыяқлы шуўылдайды.
Қыз Бабилон! Саған ҳүжим
қылыў ушын,
Олар бир адамдай сап тартып
турады.
43 Бабилония патшасы олар
ҳаққында еситкенде,
Қолларында мәдар қалмады.
Толғақ тутқан ҳаял киби,
Оны қайғы-азап бийлеп алды.

44 Мен Иордан бойындағы қалың
тоғайдан,
Жап-жасыл жайлаўға шыққан
арыслан сыяқлы,
Оларды сол жерден асығыс
қуўып шығаман.
Мен оларға патша беремен,
бирақ ол оларды қорғай
ала ма?
Себеби Маған тең келетуғын
ким бар?
Меннен ким есап талап қыла
алады?
Қайсы патша Маған қарсы тура
алады?»

45 Енди, Жаратқан Ийениң
Бабилонға қарсы дүзген
жобасын,
Калдейлердиң жери ушын
нийетлеген мақсетин
еситиң:
«Ҳақыйқатында, сүриўдеги ең
жасы да сүйреп кетиледи,
Олардың жайлаўлары босап
қалады.
46 „Бабилон басып алынды!“ – деп
бақырғанда,
Жер жүзи ләрзеге келеди.
Қышқырысқан даўыслары,
Миллетлер арасынан
еситиледи».

# 51

1 Жаратқан Ийе былай
дейди:
«Мен Бабилон ҳәм Леб-Қамай[a]
турғынларын,
Набыт қылатуғын даўыл
турғызаман.
2 Бабилонға жат жерлилерди
жиберемен.
Оны бийдайдай суўырып, елин
босатып таслайды.
Апатшылық күни оған жән-
жақтан ҳүжим қылады.
3 Сарыжайшылардың
сарыжайын тартыўына,
Саўытларын кийип таяр
турыўына жол қоймаң.
Бабилонның жасларын аяман,
Оның ләшкерлерин толық
қырып таслаң.
4 Қаза тапқанлар калдейлердиң
елинде,
Өлтирилгенлер көшелерде
жатады».

---

a **51:1** *Леб-Қамай* – Бабилонияның шәртли белгилер тәртиби менен жазылған атамасы. Бул «жүреги Маған қарсылар» деген мәнини билдиреди.

5 Израил ҳәм Яҳуда ели,
Израилдың Мухаддеси алдында,
Гүнаға батқан болса да,
Қудайы Әлемниң Жаратқан Ийеси,
Оларды тәрк етпеди.
6 Бабилонлылар арасынан қашың,
Ҳәр ким өз жанын қутқарсын.
Оның қылмысы себепли набыт болмаң.
Себеби Жаратқан Ийе Бабилоннан өш алмақта,
Қылмысына жараса жаза бермекте.
7 Бабилон Жаратқан Ийениң қолында,
Пүткил дүньяны мәс қылған,
Алтын кесе сыяқлы еди.
Миллетлер оның шарабынан ишип,
Ақылынан азды.
8 Бабилон қулап, шыл-пәрше болды.
Ол ушын жылаң,
Жарасына мәлҳәм жағың,
Бәлким, жазылып қалар!

9 Биз Бабилонға шыпа бермекши болдық,
Ол шыпа таппады.
Оны таслап, ҳәмме өз ўатанымызға кетейик.
Оған шығарылған ҳүким көклерге жетти,
Бултларға дейин көтерилди.

10 Жаратқан Ийе бизди ақлады,
Барып, Қудайымыз Жаратқан Ийениң ислерин,
Сионда жәрия қылайық.

11 Оқларды ушқырлап, оқ қалталарды толтырың.
Жаратқан Ийе Мидия патшаларының руўхын қозғады.
Нийети Бабилонды жоқ қылыў еди.
Усылай, Жаратқан Ийе Өзиниң өшин,
Ибадатханасының өшин алады.
12 Бабилон дийўалларына қарсы байрақ көтериң,
Бақлаўшыларды күшейтиң, гүзетшилер қойың,
Буққыларды таярлаң.
Жаратқан Ийе мақсетлерин әмелге асырады,
Бабилон турғынларына айтқанларын орынлайды.
13 Мол суўлар бойында,
Бай ғәзийнеге ийе болған халық!
Сениң ақырың жетти,
Әжелиң келди.
14 Әлемниң Жаратқан Ийеси Өзи ҳақы ант ишти:
«Сени топ-топ шегирткедей болған,
Әскерлерге толтыраман.
Олар жеңис даўрығын салады».

## Жаратқан Ийеге алғыс-мақтаў

15 Ол Өз қүдирети менен жерди жаратты,
Даналығы менен дүньяны қурды,
Ақылы менен көклерди жайды.
16 Ол гүркирегенде көктеги суўлар шуўылдайды,
Ол жердиң төрт тәрепинен бултларды көтереди,
Жаўын жаўдырыў ушын шақмақ шақтырып,
Сақлап қойған жеринен самал естиреди.

17 Ҳәмме адам ақмақ ҳәм
билимсиз,
Ҳәр бир зергер соққан бутлары
себепли уятқа қалады.
Олардың мүсинлери қолдан
соғылған, оларда жан жоқ.
18 Олар пайдасыз, масқарапаздың
иси,
Жазалаған ўақытта-ақ жоқ
болады.
19 Бирақ Яқыптың Қудайы оларға
уқсамайды,
Ол пүткил барлықты жаратқан
Қудай.
Израил урыўы – Оның мийрасы,
Оның аты – Әлемниң
Жаратқан Ийеси.

## Бабилонның қыйралыўы

20 «Бабилон, сен Мениң
шоқмарым едиң,
Сен арқалы миллетлерди
қырып,
Патшалықларды ўайран
қылдым.
21 Сен арқалы атлар менен
ондағы шабандозларды,
Саўаш арбалары менен
арбакешлерди қырдым.
22 Сен арқалы еркеклер менен
ҳаялларды,
Ғаррылар менен жасларды,
Жигитлер менен қызларды
қырдым.
23 Сен арқалы шопанды ҳәм оның
сүриўин,
Дийханды ҳәм оның жер
айдайтуғын өгизин,
Ҳүкимдарлары менен
ҳәмелдарларын қырдым.

24 Бабилонның ҳәм пүткил
калдейлердиң,
Сионда ислеген барлық
жаўызлықларын,
Сизлердиң көз алдыңызда
өзлерине қайтараман,
– дейди Жаратқан Ийе. –
25 Ҳәй, ўайран етиўши таў,
Пүткил дүньяны қыйратқан таў!
Мен саған қарсыман!
– дейди Жаратқан Ийе. –
Қолымды созып,
Сени жартастан қулатып,
Жанып кеткен таўға
айландыраман.
26 Сеннен мүйешке қойылатуғын
тас та,
Тийкар тас та алынбайды.
Мәңгиге қаңырап қаласаң,
– дейди Жаратқан Ийе».

27 Сол жерде байрақ көтерип,
Миллетлер арасында кәрнай
шалың,
Миллетлерди Бабилонға қарсы
урысқа таярлаң.
Арарат, Минний ҳәм Ашкеназ
патшалықларын,
Бабилонға қарсы топлаң.
Оған қарсы сәркәрда тайынлап,
Атларды шегирткедей үстине
бастырың.
28 Бабилонға қарсы урысыўға
миллетлерди,
Мидия патшаларын, оның
ҳүкимдарлары менен
ҳәмелдарларын,
Олардың қол астындағы
барлық еллерди таярлаң.
29 Жер титиреп, қалтырамақта.
Өйткени Бабилонды адамсыз
шөлге айландырыў
ҳаққындағы,
Жаратқан Ийениң нийети
әмелге аспақта.

30 Бабилон батырлары саўаштан ўаз кешип,
Өз қорғанларында отыр.
Күши кетип, ҳаялдай болып қалған.
Олардың жайлары өртелип,
Қапы илгишлери сындырылды.
31 Шабарман изинен шабарман,
Хабаршы изинен хабаршы келип,
Бабилония патшасына мына хабарды билдирди:
«Қала ҳәмме тәрептен басып алынды,
32 Дәрья өткеллери қолға алынды,
Қамыслы батпақлар өртелди,
Әскерлерди қорқыныш бийледи».

33 Израилдың Қудайы Әлемниң Жаратқан Ийеси былай дейди:
«Орым ўақтында қырман қалай айдалатуғын болса,
Қыз Бабилон да солай қылынады.
Тез арада сол ўақыт келеди».

34 «Бабилония патшасы Набуходоносор,
Мени жалмап, албыратты,
Бос ыдысқа айландырып қойды.
Айдарҳадай жутып,
Қарнын ләззетли затларыма толтырды,
Кейин қусып таслады.
35 Бизлерге ҳәм жерлеслеримизге исленген зорлық,
Бабилонның басына түссин», – дейди Сион турғынлары.
«Төгилген қанымыздың қуны,
Калдейлерден талап етилсин», – дейди Ерусалим.

36 Сонлықтан Жаратқан Ийе былай дейди:
«Мен сениң исиңди жақлап,
Сениң ушын өш аламан.
Теңизин қурғатып,
Суў булақларын қурытаман.
37 Бабилон тас үйиндисине,
Сағаллар мәканына айланады.
Қорқынышлы ҳәм жанды түршиктиретуғын көриниске айланып,
Күлкиге қалады.
Ол жерде ҳеш ким жасамайды.
38 Бабилон халқы арыслandай ақырады,
Арыслан баласындай қаңсылайды.
39 Сонда, иштейи ашылғанда,
Мен оларға зыяпат қурып беремен.
Йошланып, мәңгилик уйқыға кетип,
Ҳеш ўақыт оянбасын деп,
Оларды мәс қыламан,
– дейди Жаратқан Ийе. –
40 Оларды тоқлы, қошқар ҳәм серке киби,
Сойыўға алып бараман.

41 Ўаҳ, Шешах[a] басып алынады!
Пүткил дүньяның салтанаты қолға алынады!
Ўаҳ, миллетлер арасында Бабилон қорқынышлы көриниске айланады!
42 Бабилонды теңиз қаплап,
Туўлаған толқынлары оны бастырады.

a **51:41** *Шешах* – Бабилонның шәртли белгилер тәртиби менен жазылған атамасы.

43 Оның қалалары қаңырап,
Қуў далаға, шөлге айланады,
Ҳеш ким жасамайтуғын,
Адам баласы ол арқалы
өтпейтуғын жер болып
қалады.
44 Бабилон қудайы Белди жазалап,
Жутқанларын қустыраман.
Енди миллетлер оған
келмейтуғын болады,
Бабилон дийўаллары қулайды.

45 Халқым Мениң! Олардың
арасынан шығып,
Жаратқан Ийениң лаўлаған
ғәзебинен,
Жаныңызды сақлап қалың.
46 Елде тарқалған мыш-
мышлардан,
Жүрегиңиз артқа тартып,
қорқпасын.
Быйыл бир гәп тарқалса,
Келеси жылы басқасы
тарқалады.
Елдеги зорабанлық,
Патшалар арасындағы урыс
ҳаққында,
Мыш-мышлар тарқалады.
47 Сондай күнлер киятыр,
Мен Бабилонның бутларын
жазалайман.
Пүткил үлке уятқа қалып,
Өли денелери оның ортасында
жайрап жатады.
48 Арқадан жоқ қылыўшы,
Бабилонға ҳүжим еткенде,
Аспан, жер ҳәм ондағылардың
ҳәммеси,
Бабилонның жағдайына
шадланып,
қышқырысады,
– дейди Жаратқан Ийе. –
49 Израиллыларды қырғаны,
Жер жүзиндеги басқа
халықларды да қырғаны
ушын,
Бабилон қулайды.

50 Қылыштан қутылғанлар
иркилмей, кетиң!
Узақ жерлерде Жаратқан
Ийени еске алың,
Ерусалимди жүректе сақлаң.
51 „Бизлер кейис еситкенде,
уялдық,
Шет еллилер Жаратқан
Ийениң Үйиниң,
Мухаддес жерлерине киргенде,
Жүзи қара болдық!“

52 Сондай күнлер келеди,
– дейди Жаратқан Ийе. –
Мен Бабилонның бутларын
жазалайман.
Пүткил жер бойлап,
Жарадарлардың пәрияды
еситиледи.
53 Ҳәтте, Бабилон көклерге
көтерилсе де,
Бәлент қорғанларын беккем
қылса да,
Мен оған қырғын
келтириўшини
жиберемен», – дейди
Жаратқан Ийе.

54 Бабилоннан аҳыў-нала сеслери,
Калдейлердиң жеринен уллы
қырғын сести еситиледи.
55 Жаратқан Ийе Бабилонды опат
етип,
Уллы шаўқымын басып
тындырады.
Душпанлары мол суўлардың
толқынындай шуўлап,
Даўыслары жаңлап турады.

56 Қырғын келтириўши Бабилонға
келеди.
Әскерлери тутқынға алынып,
Оқ жайлары сындырылады.
Жаратқан Ийе – өш алыўшы
Қудай,
Ол исине сай толық қайтарады.

57 «Мен Бабилонның басшыларын,
данышпанларын,
Ҳүкимдарларын,
ҳәмелдарларын ҳәм
әскерлерин мәс қыламан.
Олар оянбайтуғын мәңгилик
уйқыға кетеди», – дейди,
Аты Әлемниң Жаратқан Ийеси
болған Патша.

58 Әлемниң Жаратқан Ийеси
былай дейди:
«Бабилонның қалың
дийўаллары жер менен
жексен болады,
Бәлент дәрўазалары жағып
жибериледи.
Халықлардың мийнети
бийҳудаға кетеди,
Миллетлердиң мийнети отқа
жемтик болады».

59 Яҳуда патшасы Седекияның
патшалығының төртинши жылы,
патшаның жол сапарларын уйым-
ластырыўшы ўәзири Махсеяның
ақлығы, Нерияның улы Серая Се-
декия менен бирге Бабилонға кете-
ринде, пайғамбар Еремия Сераяға
усы тапсырманы берди. 60 Еремия
Бабилонның басына түсетуғын
барлық апатшылықларды, Баби-
лонға тийисли барлық сөзлерди
бир орама қағазға жазып қойған
еди. 61 Еремия Сераяға былай деди:
– Бабилонға барғаныңда, бул
сөзлерди даўыслап оқып бер.
62 Кейин былай деп дуўа ет:
«Жаратқан Ийе, бул орынның
жоқ етилетуғыны, онда инсан
да, ҳайўан да жасамайтуғыны,
оның мәңгиге қаңырап жататуғы-
ны туўралы Өзиң айттың». 63 Ора-
ма қағазды оқып болып, оған тас
байлап, Евфрат дәрьясына атып
жибер. 64 Кейин былай деп айт:
«Бабилон да усылай суўға шөге-
ди. Ол Мен жаўдыратуғын апат-
шылықтан, енди ҳеш қашан аяққа
тура алмайды. Оның ҳәмме тур-
ғынлары набыт болады».
Усының менен, Еремияның сөзи
жуўмағына жетеди.

### Ерусалимниң қулаўы

52 1 Седекия жигирма бир
жасында патша болып,
Ерусалимде он бир жыл патшалық
етти. Оның анасының аты Хамутал
болып, ол либналы Еремияның
қызы еди. 2 Седекия да Еҳоякимге
уқсап, Жаратқан Ийениң нәзерин-
де жаўыз болған ислерди иследи.
3 Жаратқан Ийе Ерусалим менен
Яҳудаға ғәзепленгени ушын, олар-
ды Өз дәргайынан қуўып жиберди.
Седекия Бабилония патшасына
қарсы бас көтерди. 4 Седекияның
патшалығының тоғызыншы жы-
лының оныншы айының оныншы
күни Бабилония патшасы Набухо-
доносор пүткил әскерлери менен
Ерусалимниң әтирапына келип,
орда қурды ҳәм қаланың айнала-
сына қамал минараларын қурды.
5 Солай етип, Седекияның патша-
лығының он биринши жылына де-
йин, қала қамалда болды.

⁶ Сол жылғы төртинши айдың
тоғызыншы күни қалада ашлық-
тың ҳәўиж алғаны соншелли, үлке
халқы бир тислем нанға зар болды.
[7] Сол ўақытта қала дийўалы қу-
лады. Калдейлер қаланы айлана
қоршап турған болса да, барлық
әскерлер түнде патшаның бағының
жанындағы, еки дийўал арасында-
ғы дәрўаза арқалы шығып, Иордан
тегислигине қарай қашып кетти.
[8] Калдей әскерлери патшаны қуўып,
Ерихо тегислигинде изинен жетип
алды. Ҳәмме әскерлер Седекияны
таслап қашып кетти. [9] Калдейлер
Седекияны тутқынға алып, Хамат
үлкесиниң Рибла қаласында бол-
ған Бабилония патшасы Набухо-
доносорға алып барды. Сол жерде
патша Седекияның үстинен ҳүким
шығарды. [10] Бабилония патшасы
Риблада Седекияның улларын көз
алдында баўызлатты. Және де, ол
Яҳуданың барлық ҳәмелдарларын
да баўызлатты. [11] Буннан кейин,
Седекияның көзлерин ойдырды,
оны қола шынжыр менен байлатып,
Бабилонға алып кетти. Оны өли-
мине дейин қамақханада сақлады.

[12] Бабилония патшасы Набухо-
доносордың патшалығының он
тоғызыншы жылының бесинши
айының оныншы күни Бабилония
патшасына хызмет еткен сақшылар
баслығы Набузарадан Ерусалим-
ге келди. [13] Ол Жаратқан Ийениң
Үйине, патша сарайына ҳәм Еру-
салимдеги үйлердиң ҳәммесине
от берип, пүткил зәўлим жайлар-
ды өртеп жиберди. [14] Сақшылар
баслығы менен бирге келген кал-
дей әскерлери Ерусалимди қор-
шап турған барлық дийўалларды
қулатып таслады. [15] Сақшылар бас-
лығы Набузарадан қалада аман
қалғанларды, халықтың кәмбағал-
ларын, Бабилония патшасы тәре-
пине өткен қашқынларды ҳәм тири
қалған өнерментшилерди сүргин
қылып, алып кетти. [16] Жүзимгер-
шилик ҳәм дийханшылық пенен
шуғылланыўы ушын, Набузарадан
үлкедеги жарлылардан айырымла-
рын сол жерде қалдырды.

[17] Калдейлер Жаратқан Ийениң
Үйиндеги қола өрелерди, түбел-
дириклерди, қола ҳәўизди бөлек-
леп, қолаларды Бабилонияға алып
кетти. [18] Соның менен бирге, олар
хызмет етиў ўақтында қолланы-
латуғын күл салынатуғын ыдыс-
ларды, күл алатуғын белшелерди,
пилик кескишлерди, қан себету-
ғын табақларды, тостағанларды
ҳәм барлық қола буйымларды
алып кетти. [19] Сақшылар баслы-
ғы алтын ҳәм гүмистен исленген
буйымлардың ҳәммесин, қырма-
ларды, шоқ салынатуғын ыдыслар-
ды, қан себетуғын табақларды, күл
салынатуғын ыдысларды, шыра
қойғышларды, тостағанларды ҳәм
кеселерди алып кетти. [20] Жаратқан
Ийениң Үйи ушын патша Сулай-
ман ислеткен еки өре, бир ҳәўиз
ҳәм ҳәўиз астындағы он еки қола
өгиз ушын сарп етилген қоланың
есабы жоқ еди. [21] Ҳәр бир өрениң
бийиклиги он сегиз шығанақ, до-
малақ айланасы он еки шығанақ,
қалыңлығы төрт ели болып, иши
бос еди. [22] Өрениң төбесинде қола
төбелик бар еди. Оның бийиклиги
бес шығанақ болып, айналасы қо-
ладан исленген шынжырлы торлар
ҳәм қуйма анарлар менен безелген

еди. Екинши өре де анар әшекөйлер
менен безелген еди. 23 Ҳәр тәрепте
тоқсан алты анар, тордың үстин-
дегиси менен ҳәммеси болып жүз
анар бар еди.

### Яҳуда халқының Бабилонияға сүргин етилиўи

24 Сақшылар баслығы Набузара-
дан бас руўханий Сераяны, екинши
дәрежели руўханий Сефанияны ҳәм
Ибадатхана босағасындағы қада-
ғалаўшы үш руўханийди тутқынға
алды. 25 Және де, ол қалада қалған
әскерлерге әскербасы етип қойыл-
ған бир сәркәрданы, қаладан табыл-
ған патшаның жети ўәзирин, үлке
халқын әскерликке шақырыў иси
менен шуғылланатуғын әскербасы-
ның хаткерин ҳәм ел турғынлары-
нан алпыс адамды тутқынға алды.
26 Сақшылар баслығы Набузарадан
оларды Риблаға, Бабилония пат-
шасына алып барды. 27 Бабилония
патшасы оларды Хамат жериниң
Рибла қаласында өлтиртти. Яҳуда
халқы өз жеринен сүргин етилди.

28 Набуходоносор сүргин қы-
лып алып келген халықтың саны
мынадай: патшалығының жетин-
ши жылында үш мың жигирма үш
яҳудийди, 29 патшалығының он се-
гизинши жылында Ерусалим тур-
ғынларынан сегиз жүз отыз еки
адамды, 30 жигирма үшинши жылы
болса сақшылар баслығы Набуза-
радан жети жүз қырық бес адамды
сүргин етип алып келди. Сүргин
етилгенлер жәми төрт мың алты
жүз адам еди.

### Еҳоякинниң тутқыннан босатылыўы

31 Яҳуда патшасы Еҳоякинниң
сүргин етилгенине отыз жети жыл
болғанда, Бабилонға Эўил-Меро-
дах патша болды. Ол сол жылдың
он екинши айының жигирма бе-
синши күни Яҳуда патшасы Еҳо-
якинге жақсылық қылып, оны
тутқынлықтан азат етти. 32 Пат-
ша Еҳоякин менен жыллы сөйлести
ҳәм оны Бабилонға сүргин етилген
басқа патшалардан үстин қойды.
33 Солай етип, Еҳоякин қамақтағы
кийимлерин өзгертти ҳәм өмири-
ниң ақырына дейин патша дас-
турханынан аўқат жеди. 34 Оның
күнделикли керек-жарағы өмири-
ниң ақырына шекем, өлемен деген-
ше Бабилония патшасы тәрепинен
берилди.

# Еремияның жоқлаўы

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Б. э. ш. 586-жылы Ерусалим қулап, Яҳуда халқы Бабилонияға сүргинге алып кетиледи. Китап усы ўақыяға байланыслы жазылған ҳәм бул бес топлам қосықтан, яғный бес баптан ибарат. Ҳәр бир баптағы аятлардың бас ҳәриплери еврей әлипбесиндеги ҳәриплердиң избе-излиги менен жазылған болып, әдебияттың жоқарғы шыңына жеткенлиги көрсетилген. Терең қайғы белгиси болған бул қосықлар «Жоқлаў» деп аталады. Қосық қатарлары Ерусалим қаласы атынан ҳәм «пайғамбар» деп аталған китап авторы атынан сөз етиледи. Китаптың авторы Еремия пайғамбар болады.

Еремия пайғамбар Ерусалимниң өз гүналары ушын жазаланып атырғанын тән алады. Ол Ерусалимниң ҳәм Ибадатхананың ўайран болғанына ҳәм Яҳуда халқының тутқын етип алып кетилгенине қатты қайғырады. Бирақ үмит усындай апатлы демлерде де өшпейди. Китап авторы Қудайдың ийгилигине, сүйиспеншилигине ҳәм садықлығына қатты исенеди. Ол Қудайға жалбарынып, халыққа мийрим-шәпәәт етиўин сорайды.

---

### Ерусалимди жоқлаў

1

1 Әттегене-ай!
Бир ўақытлары адамға толы
қала,
Қалайынша енди жалғызланып
қалды!
Миллетлер арасында уллы
саналған,
Жесир ҳаялға уқсап қалды.
Ўәлаятлардың ханымы болған,
Енди күңге айланды.

2 Түн бойы ол зар жылайды,
Көз жаслары шекелеринен ағады.
Барлық ойнаслары арасында,
Оны жубататуғыны жоқ.
Барлық дослары сатқынлық
етти,
Оның душпанларына айланды.

3 Яҳуда апатшылық ҳәм аўыр
қуллық астында,
Сүргин қылып алып кетилди.

Ол басқа миллетлер арасында
жасап,
Ҳеш тынышлық таппады.
Ол қысқыға ушырағанда,
Қуўғын қылыўшылардың
қолына түсти.

4 Сионға баратуғын жоллар аза
тутпақта,
Себеби белгиленген
байрамларға келетуғын
ҳеш ким жоқ.
Барлық дәрўазалары ҳүўлеп
қалды,
Руўханийлери аўыр гүрсинбекте.
Бул қаланың қызлары қайғы-
азап шекпекте,
Қаланың өзи де ғамға батқан.
5 Душпанлары басшы болып
алған,
Жаўлары берекет таппақта.
Қылмысының аўырлығы
себепли,
Жаратқан Ийе бул азапты
Сионға жаўдырды.
Балалары душпанның алдына
салынып,
Тутқын қылып алып кетилди.

6 Қыз Сион өз саўлатын жойтты.
Басшылары жайлаў таппаған
суўын яңлы,
Аңшыдан қашыўға мәдары
қалмады.

7 Азап ҳәм сергизданлық
күнлеринде,
Ерусалим бурын ийелеген
барлық ғәзийнелерин еске
алады.
Халқы жаў қолына түскенде,
Оған жәрдем берген болмады.
Оның қулағанын тамашалап,
Душпанлар үстинен күлди.

8 Ерусалим аўыр гүна иследи,
Сол себепли ҳарам болды.
Оны ҳүрмет еткенлер
жалаңашлығын көрип,
Оған жек көриўшилик пенен
қарады.
Енди болса ол гүрсинип,
Ҳәммеден жүзин жасырмақта.

9 Оның жазығы аўыр еди,
Бирақ ақыбетин ойламады.
Ол жан түршигерли тәризде
қулады,
Оған тәселле бериўши болмады.
«О, Жаратқан Ийе, аўыр
аўҳалыма бир нәзер сал,
Себеби душпан меннен үстин
шықты!»

10 Душпан оның ең қымбатлы
затларына қол салды,
Басқа миллетлерге Өз
жыйынына кириўди
қадаған қылған болсаң да,
Ерусалим олардың Мухаддес
мәканға киргенин көрди.

11 Қаланың пүткил халқы нан
излеп аҳ урмақта,
Жүрек жалғаў ушын, бар
байлығын бермекте.
«О, Жаратқан Ийе, нәзер салып,
Қандай хорланғанымды көр!

12 Ҳәй, жолдан өтип баратырғанлар!
Сизлерге бәри бир ме?
Аўҳалыма бир қарап көриң,
Мен жолыққан дәрттей дәрт
бар ма?
Жаратқан Ийе ғәзеби лаўлаған
күни,

Бул дәртти басыма төкти.
13 Ол жоқарыдан от жиберип,
Сүйеклеримди күйдирди.
Аяқларыма тор таслап,
Мени артқа қайтарды.
Мени ўайран етип,
Күн бойы ҳалдан тайдырды.
14 Гүналарымнан маған
мойынтырық иследи,
Ийе оларды Өз қоллары менен
бириктирип байлап,
Оны мениң мойныма асып
қойды,
Оның менен күшимди
ҳәлсиретти.
Мени өзим қарсы тура
алмайтуғын,
Душпанларымның қолына
берди.

15 Ийе мендеги барлық
батырларымды жерге урды,
Жигитлеримди қырыў ушын
маған қарсы ләшкер
топлады.
Ийе пәк қыз Яҳуданы,
Жүзим сыққандай етип
жениншти.

16 Булар ушын еңиреймен,
Көзимнен жас сел болып ағады.
Қасымда мени жубатып,
Жанымды жай таптырар ҳеш
ким жоқ.
Балаларым ўайран болды,
Себеби душпан үстин келди».

17 Сион қолларын созады,
Бирақ оған тәселле беретуғын
жоқ.
Яқыпқа душпан болыўды,
Жаратқан Ийе буйырды қоңсы
халықларға.
Ерусалим олардың арасында
ҳарам нәрсеге айланды.

18 «Аўа, Жаратқан Ийе әдил,
Мен Оның буйрығына қарсы
шықтым.
Ҳәй барлық халықлар, маған
қулақ салың,
Мениң шегип атырған азабыма
қараң.
Жас қызлар менен жигитлерим
сүргин қылынды.

19 Мен ойнасларымды шақырдым,
Бирақ олар мени сатты.
Руўханийлерим менен
ақсақалларым,
Жан сақлаў ушын азық излеп
жүрип,
Қала ишинде жан тапсырды.

20 Қара, Жаратқан Ийе, қандай
азап шегип атырман,
Ишим жанып, жүрегим қақ
айырылмақта,
Себеби Саған қарсы бас
көтердим.
Сыртта қылыш балаларымнан
айырмақта,
Иште өлим ҳүким сүрмекте.

21 Адамлар аҳыў-наламды еситти,
Бирақ маған тәселле бериўши
жоқ.
Барлық душпанларым
апатшылығымнан хабар
тапты,
Маған ислегенлериңнен шад
болды.
Сен жәриялаған сол күнди
алып кел,
Олар да мениң аўҳалыма түссин.

22 Пүткил жаўызлықлары
нәзериңнен қашпасын,
Барлық қылмысларым ушын
маған не қылған болсаң,
Оларға да соны исле.
Аҳыў-налам көп,
Жүрегимде мәдарым қалмады».

**Ерусалимниң жазаланыўы**

2 1 Әттегене-ай! Қалайынша
Ийе ғәзеп атына минип,
Қыз Сионды қара булт пенен
қаплады.
Ол Израилдың гөззаллығын,
Көклерден жерге ылақтырды.
Қәҳәри келген күни,
Аяқ қойғышы болған
Ибадатхананы еске алмады.

2 Яқыптың урпақларының
пүткил мәканларын,
Ийе аяўсыз жалмап жутты.
Ғәзеби келип, қырып таслады,
Қыз Яҳуданың қорғанлы
қалаларын.
Патшалығын ҳәм
ҳүкимдарларын,
Хорлап, жер менен жексен
қылды.

3 Ғәзеби қайнап,
Израилдың пүткиллей шақын
сындырды.
Душпан ҳүжим қылғанда,
Оң қолын Израилдың үстинен
тартып алды.
Дөгеректи жалмайтуғын
жалындай болып,
Яқыптың журтын жандырып
жиберди.

4 Ол душпан киби оқ жайын
тартып,
Жаў киби оң қолын иске салды.
Көзге жағымлы көрингенлердиң
ҳәммесин өлтирип,
Қыз Сионның шатырының
үстине,
Ғәзебин от киби төкти.

5 Ийе душпандай болып,
Израилды жалмап жутты.
Барлық сарайларын жалмап
жутып,
Қорғанлы қалаларын ўайран
етти.
Қыз Яҳуданың пәриядын,
Аҳыў-наласын арттырды.

6 Ибадатханасын бағдағы қостай
етип қулатты,
Жыйналатуғын орынды
қарабақанаға айландырды.
Жаратқан Ийе Сионда
белгиленген байрамларды,
Шаббат күнлерин умыттырды.
Қәҳәр-ғәзепке минип,
Патша ҳәм руўханийлерден жүз
бурды.

7 Ийе Өз қурбанлық орнынан ўаз
кешти,
Мухаддес мәканын тәрк етти.
Ибадатхана имаратын,
Душпан қолына берди.
Жаратқан Ийениң Үйинен
шыққан душпан шаўқымы,
Байрам күниндеги даўысқа
мегзеди.

8 Жаратқан Ийе қыз Сионның
дийўалын,
Ўайран қылыўды шешти.
Ол жақсылап жобаластырды,
Ырайынан қайтпай, ҳәммесин
набыт қылды.

Солай етип, сыртқы ҳәм ишки
дийўаллар аза тутпақта,
Екеўи де ҳалдан тайды.

9 Дәрўазасын топыраққа былғап,
Ийе тәмбилерин сындырып,
жоқ қылды.
Патшасын ҳәм көсемлерин,
Жат миллетлер арасына сүргин
қылды.
Енди халыққа Қудайдың
нызамлары үйретилмейди,
Пайғамбарларына да Жаратқан
Ийеден аян келмейди.

10 Қыз Сионның ақсақаллары,
Тил қатпастан жерде отырыпты,
Басларына топырақ шашып,
Аза кийимин кийип алған.
Басларын төмен салбыратып
алған,
Ерусалимниң жас қызлары да.

11 Жас төгиўден көзлерим талды,
Қәлбим өртенбекте.
Халқымның набыт болғаны
зардабынан,
Жүрегим тилким-тилким
болмақта.
Себеби қала көшелеринде,
Балалар ҳәм нәрестелер естен
танып жатырыпты.

12 Олар: «Нан менен суў бер», – деп,
Аналарына пәрияд қылмақта,
Жарадар киби, қала
көшелеринде естен танып,
Аналарының баўырында жан
тәслим қылмақта.

13 Мен саған не айтайын?
Сени неге мегзетейин, о, қыз
Ерусалим?
О, пәк қыз Сион!
Жубатыўым ушын, сени неге
теңейин?
Жарақатың теңиздей терең,
Саған ким шыпа бере алады?

14 Пайғамбарларың көрген аянлар,
Жалған ҳәм мәниссиз болып
шықты.
Абаданшылығыңды қайта
тиклеў ушын,
Қылмысларыңды бетиңе
айтпады.
Олар көрген жалған аянлар,
Сени жолдан шығарды.

15 Жолдан өткенлер қол
шошайтып,
Қыз Ерусалим, сени табалап,
бас шайқап:
«Гөззаллық көрки,
Пүткил дүньяның қуўанышы
делинген қала усы ма?» –
дейди.

16 Барлық душпанлар саған аўзын
кең ашып,
Табалап, тислерин қайрайды.
«Бизлер оны жалмап жуттық!
Мине, биз күткен күн!
Ақыры бул күнге де жеттик,
оны көрдик!» – дейди.

17 Жаратқан Ийе Өз нийетин
әмелге асырды.
Әййемги заманларда
айтқанындай,
Айтқан сөзин орынлады,
Сени аяўсыз набыт қылды.
Аўҳалыңа душпанларды шад
қылды,
Жаўларыңды күшке толтырды.

18 Ийеге қатты жалбарын!
Ҳәй, қыз Сионның дийўалы!
Күндиз-түни көз жасыңды
дәрья киби ағыз,
Өзиңе тынышлық берме,
Көз жасың ҳасла тоқтамасын!

19 Тур, түни менен қайта-қайта
жалбарын,
Кеўлиңдегини Ийе дәргайында
суў киби төк!
Ҳәр бир көшениң басында,
ашлықтан қулап атырған,
Перзентлериңниң жаны ушын,
Қол жайып, Оған жалбарын.

20 Қара, Жаратқан Ийе,
халқыңның аўҳалын көр!
Қайсы халықты бундай аўҳалға
салған едиң?
Ҳаяллар еркелетип өсирген
балаларын жей ала ма?
Руўханий ҳәм пайғамбарлар
Мухаддес мәканда
өлтириле ме?

21 Жасы-ғаррысы көшеде шаңға
былғанып жатыр,
Қыз-жигитлерим қылыштан
қырылды.
Ғәзебиң келген күни Сен
оларды өлтирдиң,
Ҳәммесин аяўсыз баўызладың.

22 Белгиленген байрам
күниндегидей шақырып,
Ҳәр тәрептен маған қарсы
душпанларды жыйнадың.
Жаратқан Ийениң ғәзеби
келген күни,
Ҳеш ким қашып қутыла алмады,
Бирде биреўи жан сақлап қала
алмады,
Еркелетип өсиргенлеримди
душпаным қырып таслады.

## Қайғыға батқан адам

3 1 Қудайдың ғәзеп таяғын жеп,
Азап шеккен адамман мен.
2 Ол мени айдап апарып,
Жақты түспейтуғын
қараңғылықта жүргизди.
3 Пүткил күн даўамында қайта-
қайта,
Тек маған қарсы қолын көтерди.
4 Етимди, теримди тоздырып,
Сүйеклеримди сындырды.
5 Мени қамал қылып,
Ҳәсиретли аўырманлық пенен
қоршап алды.
6 Әзелде әлемнен өткенлер
сыяқлы,
Мени қараңғылықта жасаўға
мәжбүрледи.
7 Қашпаўым ушын, әтирапымды
дийўал менен қоршады,
Аўыр шынжырлар менен
кисенледи.
8 Пәрияд етип,
жалбарынғанымда да,
Ол дуўамды қабыл қылмады.
9 Жонылған таслар менен
жолымды тосып,
Соқпақларымды былғастырып
таслады.
10 Қудай мен ушын буққыдағы
айыўға,
Жасырын жатқан арысланға
уқсайды.
11 Ол мени жолымнан шығарып,
тилкимледи,
Дәрмансыз жалғыз қалдырды.
12 Оқ жайын керип,
Мени оғына нышан қылды.
13 Оқ қалтасынан оқлар алып атып,
Баўырымды тести.

14 Мен пүткил халқыма күлки
болып,
Күн бойы айтатуғын қосығына
айландым.
15 Ол мени ашшы ҳәсиретке
тойдырып,
Жуўсанның ашшы суўын
иштирди.
16 Өзимди топыраққа былғап,
Тас пенен тислеримди сындырды.
17 Жаным тынышлықтан маҳрум
болды,
Бахыттың не екенин умыттым.
18 Өзиме өзим: «Шыдамым
таўысылды,
Жаратқан Ийеге болған
үмитим сөнди», – дедим.
19 Азабым ҳәм сергизданлығым
туўралы ойласам,
Ашшы жуўсан ҳәм зәҳәр
ишкендей боламан.
20 Жаным буны үзликсиз еске
алып,
Ишимде езилип атыр.
21 Бирақ мынаны жүрегиме түйип,
Соннан үмит етемен:
22 Жаратқан Ийениң
сүйиспеншилиги себепли,
Биз жоқ болып кетпедик,
Оның реҳимлилиги
таўысылмайды.
23 Ҳәр күни азанда олар жаңара
береди,
Оның садықлығы уллы!
24 Мен ишимнен: «Жаратқан Ийе –
мениң үлесим,
Сонлықтан мен Оған үмит
байлайман», – дедим.

25 Жаратқан Ийе Өзине үмит
байлағанларға,
Өзин излегенлерге жақсылық
қылады.
26 Жаратқан Ийениң қутқарыўын,
Үнсиз күткен жақсы.
27 Жаслықта мойынтырыққа
үйренген жақсы.
28 Адам үнсиз, жалғыз отырсын,
Себеби бул аўырманлықты
Жаратқан Ийе салды.
29 Ет бетинен жерге жығылсын,
Бәлким, еле үмит бар шығар.
30 Өзин урғанға шекесин тутсын,
Көрген хорлықты ишине
жутсын.

31 Себеби Ийе, мәңгиге таслап
қоймайды.
32 Ол қайғы келтирген болса да,
Уллы мийрими менен реҳим
қылады.
33 Адамзатты жазалап, азар берсе
де,
Буларды Ол жүрек қәлеўи
менен қылмайды.
34 Үлкедеги барлық тутқынлар,
Аяқ астында езилгенде,
35 Қудай Тааланың дәргайында,
Адам ҳуқықынан маҳрум
болғанда,
36 Даўа исинде адамға
әдалатсызлық қылынғанда,
Ийе буларды көрмей ме?
37 Буларды Ийениң Өзи
буйырмаса,
Ким айтып, жүзеге асырады?
38 Жаманлық та, жақсылық та,
Қудай Тааланың аўзынан
шықпай ма?
39 Өз гүналары ушын жазасын алса
да,
Тири қалған екен, адам неге
шағым етсин?

40 Жолларымызды тексерип,
сынап көрейик,

Жаратқан Ийеге қайтып
барайық.
41 Келиң, көклердеги Қудайға
қолларымызды созып,
Жүрегимизди ашып былай
дейик:
42 «Бизлер қылмыс ислеп, бас
көтердик,
Сен де бизлерди кеширмедиң.

43 Ғәзепке минип, бизлерди
қуўдаладың,
Аяўсыз өлтирдиң.
44 Дуўаларымыз еситилмеўи ушын,
Өзиң бултларға бүркенип
алдың.
45 Бизлерди миллетлер арасында,
Тасланды ҳәм сыпырындыққа
айландырдың.
46 Барлық душпанларымыз аўзын
кең ашып,
Бизлерди табалады.
47 Қәўип ҳәм ҳийле,
Қыйраў ҳәм ўайраншылық
басымызға түсти».

48 Халқымның набыт болғаны
себепли,
Көз жасларым сел болып ағады.
49 Көз жасым тоқтамай, үзликсиз
аға береди,
50 Жаратқан Ийе көклерден нәзер
салып, көрмегенше.
51 Қаламдағы барлық қызлардың
аўҳалын көрип,
Жүрегим қайғы-ҳәсиретке
батқан.
52 Ҳеш қандай себепсиз,
Душпанларым мени қустай
аўлады.
53 Жанымды алыў ушын шуқырға
таслады,
Үстимнен тас атты.
54 Суў басымнан асып кетти,
Мен, өлдим деп ойладым.
55 Шуқырдың түбинен,
Атыңды айтып шақырдым, о,
Жаратқан Ийе.
56 «Қулағыңды жаўма, дадымды
есит», – дедим.
Сен жалбарынғанымды
еситтиң.
57 Шақырғанымда, Сен маған
жақынлап:
«Қорқпа», – дедиң.
58 Ийе, Сен даўа-арзымды қорғап,
Өмиримди сақлап қалдың.
59 Жаратқан Ийе, маған қылынған
наҳақлықты Сен көрдиң,
Даўама ҳақ ҳүкимиңди шығар.
60 Олардың қалай өш алмақшы
екенин,
Маған қарсы дүзген жобасын
көрдиң.
61 Жаратқан Ийе, олардың мени
қалай хорлағанын,
Маған қарсы дүзген жобасын,
62 Душпанлардың күн бойы мениң
үстимнен,
Қалай гәп қылғанларын
еситтиң.
63 Оларға нәзер сал! Отырса да,
турса да,
Мени қосық қылып, үстимнен
күледи.
64 Оларға қоллары менен ислеген
исине жараса,
Жазасын бер, Жаратқан Ийе!
65 Олардың жүреклерин түнекке
бүрке,
Сениң ғарғысың үстилерине
жаўсын!
66 Ғәзеп пенен олардың изинен
қалмай,
Көклериңниң астынан оларды
жоқ қыл, Жаратқан Ийе!

### Ерусалимниң соңғы күнлери

**4** 1 Әттегене-ай!
Қалайынша алтын қараўытты!
Сап алтын жылтырамай қалды!
Ҳәр көшениң басында,
Мухаддес ҳасыл таслар
шашылып жатыр.

2 Сионның әзиз балалары,
Сап алтындай қәдирли еди.
Эҳ, енди болса, гүлалшының
қолынан шыққан,
Ылай ыдыстай қәдирсиз болып
қалды.

3 Ҳәтте, сағаллар да емшек берип,
Өз балаларын емизеди.
Бирақ мениң халқым шөлдеги
түйеқус киби,
Балаларына реҳимсиз болды.

4 Нәрестениң тили шөлден,
Таңлайына жабысып қалды.
Балалар нан сорап, тиленбекте,
Бирақ оларға ҳеш ким бир
тислем нан бермейди.

5 Ләззетли тағамлар жеп
жасағанлар,
Көшелерде ашлықтан набыт
болмақта.
Қырмызы кийим кийип
өскенлер,
Үйилген тасландылардан аўқат
излемекте.

6 Халқымның жазасы,
Адамзат қолы тийместен,
Бир демде жоқ болған,
Содомның жазасынан[a] да аўыр.

7 Ерусалим жолбасшылары
қардан да таза,
Сүттен де ақ еди.
Денелери яқыттай қызыл,
Көриниси лазуритке мегзер еди.

8 Енди болса көмирден де қара,
Көшелерде адам таныр болмас
оларды,
Етлери сүйеклерине жабысып
қалған,
Кеўип қалған ағашқа айланған.

9 Ашлықтан өлгеннен гөре,
Қылыштан өлген абзалырақ
еди.
Жердиң өниминен маҳрум
болып,
Ашлық азабынан жан тәслим
қылды.

10 Мийримли ҳаяллар өз
балаларын,
Өз қоллары менен писирди.
Халқым ўайран болған ўақытта,
Перзентлери оларға азық
болды.

11 Жаратқан Ийе қәҳәрин толық
шашты,
Лаўлаған ғәзебин төкти.
Сионға қарсы тутандырған оты,
Оның тийкарларын да
жандырып жиберди.

12 Жер жүзиндеги патшалардың да,
Дүньядағы инсанлардың да
ҳеш бири,
Ерусалим дәрўазаларын
душпанлардың,

---

a **4:6** Жар 18:16–19:28.

Жаўлардың жарып
өтетуғынына исенбеди.

13 Буларға Ерусалим
пайғамбарларының гүнасы,
Руўханийлериниң қылмысы
себепши болды.
Себеби олар қала ортасында,
Әдиллердиң қанын төкти.

14 Енди олар соқыр адамдай,
Көшелерде қаңғып жүр.
Үстилери қан менен
ҳарамланған,
Оларға ҳеш кимниң
жақынлағысы келмейди.

15 Халық оларға: «Жоқ болың,
ҳарамылар!
Кетиңлер, кетиңлер, қол
тийгизбеңлер!» – деп
бақырады.
Олар солай қуўылып, сергиздан
болады.
Бирақ миллетлер арасында да
оларға былай делинеди:
«Бул жерден шығып кетиңлер!»

16 Жаратқан Ийениң Өзи оларды
таратты,
Ол енди оларға нәзер салмайды.
Руўханийлерге ҳүрмет,
Жасы үлкенлерге мийрим
көрсетилмейди.

17 Бийҳуда жәрдем күтиўден,
Көзлеримиз талды.
Минарада турып күттик,
Қутқара алмайтуғын халықты.

18 Душпан адымымызды аңлыды,
Өз көшелеримизде жүре алмай
қалдық.
Әжел жетип, күнлеримиз
таўысылды,
Өмиримиз паянына жетти.

19 Бизди қуўдалағанлар,
Көклердеги бүркиттен де
шаққан.
Олар таўларда бизлерди
аўлады,
Шөллерде аңлып жатты.

20 Өмиримиз деми, Жаратқан
Ийениң майлаған патшасы,
Олардың дузағына түсти.
Бизлер ол туўралы: «Оның
саясында,
Миллетлер арасында
жасаймыз», – деген едик.

21 Ҳәй, Ус елинде жасайтуғын,
Қыз Эдом! Шадлан, қуўан!
Бирақ саған да жаза кесеси
жетип барады,
Мәс болып, кийимиңди
шешесең.

22 Ҳәй, қыз Сион! Қылмысыңның
жазасы тамамланды,
Ийе сени сүргинде узақ услап
турмайды.
Бирақ ҳәй, қыз Эдом, сениң
гүналарыңды ашып таслап,
Қылмысларың ушын сени
жазалайды.

### Реҳим сорап дуўа етиў

5 1 О, Жаратқан Ийе, басы-
мызға түскенлер туўралы
ойлап көр.
Қара, қандай хор
болғанымызды көр!
2 Бизге берген жериң жат
жерлилерге,

Үйлеримиз келгиндилерге
қалды.
3 Бизлер әкесиз жетим болып
қалдық,
Аналарымыз жесирге айланды.
4 Суўымызды пул төлеп ишемиз,
Отынымызды да сатып аламыз.
5 Мойнымызға мойынтырық
салып жумсамақта,
Қатты шаршадық,
тынышлықтан жуда
болғанбыз.
6 Қарнымызды тойдырыў ушын,
Мысыр менен Ассирияға қол
создық.
7 Ата-бабаларымыз гүна иследи,
бирақ енди өзлери жоқ.
Бизлер болсақ, олардың
қылмысы ушын
жазаланбақтамыз.
8 Қуллар үстимизден
ҳүкимдарлық қылмақта,
Олардың қолынан
қутқаратуғын ҳеш ким жоқ.
9 Даладағы қарақшының
қылышы себепли,
Жанымызды қәўип астына
қойып нан табамыз.
10 Ашлықтың дәртинен,
Тандырдан шыққандай лаплап
тур теримиз.
11 Сионда ҳаяллардың,
Яҳуда қалаларында қызлардың
намысына тийди.
12 Жолбасшыларымыз олардың
қолы менен асып қойылды,
Ақсақалларымыз ҳүрмет
етилмеди.
13 Жигитлер дигирман тартпақта,
Балалар аўыр отын астында
тентиреклемекте.
14 Ақсақаллар қала дәрўазасында
мәсләҳәтлесип
отырмайтуғын болды,
Жас жигитлер артық қосық
айтпайтуғын болды.
15 Жүрегимизди шадлық тәрк етти,
Ойын-күлкимиз азаға айланды.
16 Басымыздан тажымыз түсип
қалды,
Гүна ислегенимиз ушын
сорымыз қурыды!
17 Жүрегимиз түңилди,
Жылай берип, көзлеримиз
гүңгиртлести.
18 Себеби Сион таўы ҳүўлеп босап
қалды,
Сағаллар ол жерде ызғып жүр.
19 Сен болсаң, о, Жаратқан Ийе,
мәңгиге ҳүкимдарлық
қыласаң,
Сениң тахтың әўладтан-әўладқа
даўам етеди.
20 Неге Сен бизлерди пүткиллей
умыттың?
Неге бизлерди узақ ўақыт
таслап қойдың?
21 Жаратқан Ийе, бизлерди Өзиңе
қайтар,
Бизлер қайтайық,
Бизлерге бурынғы күнлеримизди
қайтарып бер.
22 Сен бизлерден пүткиллей ўаз
кешкен болсаң да,
Ғәзебиң шексиз болса да, солай
қыл.

# Езекиел пайғамбардың китабы

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Езекиел руўханий еди, Еремия ҳәм Даниел пайғамбарлар оның заманласлары болған. Езекиел Бабилонияға сүргин етип алып кетиледи ҳәм сол жерде сүргинде болған Яҳуда халқының арасында жасайды. Ол Қудай тәрепинен пайғамбар етип тайынланып, тек Бабилонияға сүргин қылынған Яҳуда халқына ғана емес, ал Ерусалимде қалған адамларға да Қудайдың сөзин ўаз қылады. Езекиел өз хызметин шама менен б. э. ш. 593-жылы баслап, б. э. ш. 571-жылы тамамлайды. Усы дәўир Яҳуда патшалығының ақырғы жылларынан баслап, б. э. ш. 586-жылы Ерусалим қулағаннан кейинги дәўирди өз ишине алады. Езекиел Ерусалим қулаўынан алдын да, оннан кейин де ўаз қылады. Соның ушын, оның базы ўазлары Қудайдың қорқынышлы ҳүкиминен хабар береди, басқа ўазлары болса халыққа үмит бағышлайды.

Бул китапты үлкен бес бөлимге бөлиўге болады. Биринши бөлимде (1–3 баплар) Езекиел көрген аянда Қудайдың уллылығы сүўретленеди, сондай-ақ, Қудай Езекиелди пайғамбар етип тайынлағаны сөз етиледи. Екинши бөлим (4–24 баплар) бир неше хабарды өз ишине алады. Бул хабарларда Яҳуда халқына берилетуғын жазалар ҳаққында айтылады, себеби халық Қудайдан жүз бурған еди. Езекиел бул хабарлардың көпшилик бөлегин майда-шүйдесине дейин сүўретлеп, өз ҳәрекетлери менен көрсетип береди. Яҳуда халқы Қудайдың таңлағаны ҳәм Ибадатхана Ерусалимде жайласқаны себепли, халық мухаддес болыўы ҳәм өзин пәк сақлаўы шәрт еди. Яҳуда халқы Қудайдан жүз бурғанда, Қудай Ибадатхананы тәрк етип, оларды жазалайтуғын еди.

Китаптың үшинши бөлиминде (25–32 баплар) Қудайдың Яҳуда елиниң әтирапындағы халықларды жазалайтуғыны ҳаққында жазылады. Төртинши бөлим (33–39 баплар) Ерусалим қулағаннан кейинги дәўирди өз ишине алады. Усы бөлимде үмит беретуғын сөзлер жазылады, Қудай Өз халқын кеширетуғыны, кейин оларды Яҳуда ҳәм Ерусалимге қайтарып алып келетуғыны ҳаққында сөз етиледи.

Бесинши бөлимде (40–48 баплар) Ерусалимдеги жаңа Ибадатхана туўрысындағы Езекиелдиң көрген аяны жазылады. Бул бөлимде Қудайға сыйыныў

қағыйдалары көрсетиледи. Сондай-ақ, келешекте жер Израилдың он еки урыўы арасында қалайынша бөлистирилиўи кереклиги ҳаққында айтылады.

Бул китаптағы кеўип қалған сүйеклер ҳаққындағы Езекиел көрген аян жүдә кеңнен танылған. Бул аянда Қудайдың Руўхы сүйеклерге жан бағышлап, оларды тирилтеди (37:1-14).

Қудай ҳәмме ўақытта Өз келисимине садық қалады. Ол Өз халқын гүналардан пәклейди, оларды тиклейди, халқын мәртебели қылып, мухаддес қала болған Ерусалимде Өз салтанатын орнатады.

---

### Езекиел көрген биринши аян

1 1 Отызыншы жылдың төртин-
ши айының бесинши күни еди.
Мен Кебар каналының бойында
сүргин етилгенлердиң арасында тур-
ғанымда, аспан ашылды ҳәм маған
Қудайдан аянлар көрине баслады.
2 Айдың бесинши күни, яғный Еҳоя-
кин патшаның сүргиндеги ўақтының
бесинши жылында, 3 калдейлердиң
жериндеги Кебар каналы бойында
маған, Бузий улы руўханий Езеки-
елге Қудайдан сөз түсти. Ол жерде
Жаратқан Ийениң қолы мениң үс-
тимде еди.
4 Қарап, арқадан күшли қуйын-
ның киятырғанын көрдим. Ол от
шашқан ҳәм нур менен қапланған
үлкен булт еди. Оттың ортасында
мыс сыяқлы бир нәрсе жалтырап
турды. 5 От ортасында көриниси
инсанға уқсаған төрт тири жанзат-
тың турғанын көрдим. 6 Олардың
ҳәр бириниң төрт бет-әлпети ҳәм
төрт қанаты бар еди. 7 Аяқлары
дүзиў, ал табанлары тананикине
уқсаған болып, жылтыраған қо-
ладай сәўле шашып турды. 8 Төрт
қапталындағы қанатларының ас-
тында адамның қоллары бар еди.
Олардың бет-әлпети ҳәм қанатлары
төрт қапталында болып, 9 қанатла-
ры бир-бирине тийип турды. Жан-
затлар жүргенде, бурылмай, туўры
алға қарай ҳәрекетленди.
10 Олардың бет-әлпетиниң көри-
ниси мынадай еди: төртеўиниң де
алдынғы бет-әлпети – адамдики,
оң жағындағысы – арысландики,
шеп жағындағысы – буғаники ҳәм
артындағысы – бүркиттики еди.
11 Олардың бет-әлпети усындай еди.
Қанатлары болса, жоқарыға қарай
жайылып турды. Ҳәр жанзаттың
қанатларының екеўи қасындағы
жанзатлардың қанатларына тийип
турса, басқа еки қанаты өз денесин
жаўып турды. 12 Олар тек алдыға
қарай ҳәрекетленди. Ҳеш жаққа бу-
рылмай, руўх қай жаққа бағдарласа,
сол жаққа қарай жүрди. 13 Жанзат-
лардың көриниси жанып турған
көмир шоғына ямаса жалаңлаған
отқа мегзер еди. От жанзатлардың
ортасында тынымсыз ҳәрекет етер
еди. От жалын шашып, оннан шақ-
мақ шағып турды. 14 Жанзатлардың

өзлери де жылдырымдай тез ол
жақтан бул жаққа барып келер еди.
15 Мен жанзатларға сер салға-
нымда, жерде, ҳәр бириниң жа-
нында, бир дөңгелектен турғанын
көрдим. 16 Төрт дөңгелектиң көри-
ниси менен дүзилиси бирдей бо-
лып, сары яқыт киби жалтырап
турды. Олардың көриниси ҳәм дү-
зилиси дөңгелектиң ишине кесе-
сине дөңгелек салынғандай еди.
17 Жанзатлар қай тәрепке бағыт
алса да, дөңгелеклер бурылмай-ақ
төрт тәрепке де жылжый алатуғын
еди. 18 Дөңгелеклердиң шеңберлери
бәлент ҳәм қорқынышлы еди. Төр-
теўиниң де шеңбери айлана көзлер
менен қапланған еди.
19 Жанзатлар қозғалғанда, олар-
дың жанындағы дөңгелеклер де
ҳәрекетке келетуғын еди. Жерден
көтерилгенде, дөңгелеклер де кө-
терилетуғын еди. 20 Руўх қаяққа
бағыт алса, олар да сол жаққа бара-
туғын, дөңгелеклер де олар менен
бирге көтерилетуғын еди. Себеби
жанзатлардың руўхы дөңгелеклер-
ди де ҳәрекетке келтиретуғын еди.
21 Жанзатлар қозғалғанда, дөңге-
леклер де қозғалатуғын, жанзатлар
тоқтағанда, дөңгелеклер де тоқ-
тайтуғын, жанзатлар жер бети-
нен көтерилгенде, дөңгелеклер де
олар менен бирге көтерилетуғын
еди. Өйткени жанзатлардың руўхы
дөңгелеклерди де ҳәрекетке келти-
рип турды.
22 Жанзатлардың басының үс-
тинде гүмбезге уқсаған, кристалл-
дай жалтыраған ҳәм қорқынышлы
бир нәрсе жайылып турған еди.
23 Жанзатлардың гүмбез астын-
да жайған қанатлары бир-бирине
қарай созылып турды. Олардың
ҳәр бириниң денесин жаўып тур-
ған басқа еки қанаты да бар еди.
24 Жанзатлар қозғалғанда, қанат-
ларының шуўылдысын еситтим.
Ол күшли суўлардың шуўылды-
сына, Қудирети күшли Қудайдың
даўысына, саўаш майданындағы
ләшкерлердиң шаўқымына уқсар
еди. Жанзатлар тоқтағанда, қанат-
ларын түсирип отырды. 25 Олар
тоқтап, қанатларын түсирип отыр-
ғанда, гүмбез тәризли кеңислик-
тиң жоқарысынан бир даўысты
еситтим. 26 Гүмбездиң үстинде
лазуриттен исленген тахтқа уқ-
саған бир нәрсе бар еди. Онда ин-
сан көринисинде биреў отырған
еди. 27 Оның белинен жоқарысы-
ның иши отқа толып, жалтылдаған
мыстай болып турғанын көрдим.
Белинен төмениниң болса, отқа
мегзес екенин көрдим. Оны жар-
қыраған нур қаплап турған еди.
28 Оның әтирапындағы нур жаўын-
лы күни бултта пайда болатуғын
айқулаққа уқсар еди. Бул көринис
Жаратқан Ийениң салтанатының
көриниси еди.

Буны көргенде, ет бетимнен жы-
ғылдым ҳәм биреўдиң сөйлеген да-
ўысын еситтим.

### Езекиелдиң шақырылыўы

**2** 1 Ол маған:
– Инсан улы, орныңнан тур,
Мен сениң менен сөйлеспекши-
мен, – деди.
2 Даўыс маған сөйлеп атырғанда,
маған Руўх кирип алып, мени аяққа
турғызды ҳәм мен сөйлеп турған-
ның сөзлерин еситтим. 3 Ол маған
былай деди:

– Инсан улы, Мен сени Маған қар-
сы бас көтерген қайсар миллет, Из-
раил халқына жиберемен. Олар ҳәм
олардың ата-бабалары усы күнге
шекем Маған қарсы бас көтерип
келмекте. 4 Бул халық қайсар ҳәм
өжет. Мен сени оларға жиберемен.
Сен оларға: «Қудай Ийе былай деп
атыр», – дейсең. 5 Бул қозғалаңшы
халық сөзиңе қулақ сала ма, салмай
ма, бәри бир өзлериниң арасында
бир пайғамбардың болғанын бил-
син. 6 Ал сен болсаң, ҳәй инсан улы,
олардан да, олардың сөзлеринен
де қорқпа. Ҳәтте, тикенли пута-
лар менен ошағанлар әтирапыңды
қоршап алса да, шаянлар арасында
жасасаң да қорқпа. Олардың сөзле-
ринен қорқпа, жүзлеринен айбын-
ба, олар қозғалаңшы халық. 7 Сени
тыңласа да, тыңламаса да, оларға
сөзлеримди айт. Олар қозғалаңшы
халық. 8 Сен болсаң, ҳәй инсан улы,
Мениң айтқанларымды тыңла, бул
қозғалаңшы халыққа уқсаған қай-
сар болма. Аўзыңды ашып, Мениң
саған беретуғын нәрсемди же.

9 Қарасам, маған қарай бир қол
созылды. Қолда бир орама қағаз
бар еди. 10 Қол орама қағазды ал-
дыма ашып қойды. Оның еки тәре-
пине де жоқлаў, қайғы ҳәм ҳәсирет
сөзлери жазылған еди.

3 1 Ол маған:
– Инсан улы, алдыңдағы бул
орама қағазды же, кейин барып,
Израил халқы менен сөйлес, – де-
ди. 2 Мен аўзымды аштым, Ол ма-
ған орама қағазды жеўге берди.
3 Кейин маған:
– Инсан улы, Мен өзиңе берип
атырған усы орама қағазды жеп,
қарныңды тойдыр, – деди. Мен
орама қағазды жедим, ол аўзым-
да палдай татлы болды. 4 Ол маған
және былай деди:
– Инсан улы, енди барып, Изра-
ил халқына Мениң сөзлеримди
айт. 5 Сени түсиниксиз сөйлейту-
ғын, тили аўыр халыққа емес, ал
Израил халқына жиберип атыр-
ман. 6 Егер Мен сени түсиниксиз
сөйлейтуғын, тили аўыр ҳәм сөз-
лерине түсинип болмайтуғын көп
миллетлер арасына жибергенимде
еди, олар саған сөзсиз қулақ салған
болар еди. 7 Бирақ Израил халқы
саған қулақ салмайды, олар, ҳәтте,
Маған да қулақ салмайды. Өйт-
кени пүткил Израил халқы өжет
ҳәм қайсар. 8 Мине, Мен сени де
олардың өзлери сыяқлы өжет ҳәм
қайсар қыламан. 9 Мен сени мий-
тиндей беккем қыламан. Олар қоз-
ғалаңшы халық болса да, олардан
қорқып, қәўетерленбе.

10 Ол маған және мыналарды айт-
ты:
– Инсан улы! Мениң саған айт-
қанларымды дыққат пенен тың-
лап, ҳәммесин жүрегиңде сақла!
11 Енди сүргиндеги жерлеслериңе
бар да, тыңласа да, тыңламаса да,
оларға: «Қудай Ийе былай демек-
те», – деп айт.

12 Кейин Руўх мени көтерип
алды. Сонда мен арт жағымнан:
«Жаратқан Ийениң салтанаты Өз
мәканында алғыслансын», – де-
ген бәлент, гүмбирлеген даўысты
еситтим. 13 Бул жанзатлардың қа-
натларының бир-бирине тийген
ҳәм олардың жанындағы дөңге-
леклердиң гүмбирлеген даўысы
еди. 14 Руўх мени жоқары көтерип,

басқа жаққа алып кетти. Мен бол-
сам, ҳәсиретке ҳәм ғәзепке толып,
кете бердим. Жаратқан Ийениң
үстиме созылған қолы аўыр еди.
15 Кейин мен Кебар каналының бо-
йындағы Тел-Абибте жасап атыр-
ған сүргиндегилерге бардым. Сол
жерде олардың арасында жети күн
даўамында өзиме келе алмай, аң-
таң болып отырдым.

### Езекиелдиң Израилға гүзетши етип қойылыўы

16 Сол жети күн өткеннен кейин,
Жаратқан Ийеден маған сөз түсти:
17 – Инсан улы! Мен сени Израил
халқына гүзетши етип тайынла-
дым. Сен Мениң аўзымнан шыққан
сөзлерди тыңлап, оларды Мениң
атымнан ескерт. 18 Егер Мен наҳақ
адамға: «Сен сөзсиз өлесең», – де-
сем, ал сен оның өмирин сақлап
қалыў ушын, оның менен сөйле-
сип, наҳақлық жолынан қайтыў-
ды ескертпесең, онда ол өз гүнасы
ушын өледи. Бирақ Мен оның қа-
нының қунын сеннен талап қыла-
ман. 19 Егер сен наҳақты ескертсең,
бирақ ол жаўызлығынан да, наҳақ-
лық жолынан да қайтпаса, онда ол
өз гүнасы ушын өледи, ал сен өз
жаныңды сақлап қаласаң. 20 Егер
ҳақ адам ҳақлығынан бас тартып,
наҳақлыққа қол урса, Мен оны сүр-
никтиремен, ол өледи. Сен оған
ескертпегениң себепли, ол өз гүна-
сы ушын өледи ҳәм ислеген жақсы
ислери еске алынбайды. Ал Мен
оның қанының қунын сеннен та-
лап етемен. 21 Егер сен ҳақ адамға
гүна ислемеўди ескертсең ҳәм ол
гүна ислемесе, онда ол сөзсиз жа-
сайды. Себеби ол ескертиўге қулақ
салды, ал сен болсаң, өз жаныңды
сақлап қаласаң.
22 Сол жерде Жаратқан Ийениң
қолы мениң үстимде болды ҳәм
Ол маған:
– Турып, ойпатлыққа түс, Мен
сениң менен сол жерде сөйлесе-
мен, – деди.
23 Мен турып, ойпатлыққа түс-
тим. Сол жерде Жаратқан Ийе-
ниң салтанаты маған Кебар каналы
жанында көрингендей болып тур
екен. Мен ет бетимнен жерге жы-
ғылдым. 24 Руўх маған кирип, мени
аяққа турғызып қойды. Ол маған
тил қатып былай деди:
– Үйиңе кирип, есигиңди иштен
илип ал. 25 Енди болса, инсан улы,
сени арқан менен шырмап байлап
таслайды. Сөйтип, сен халықтың
арасына шыға алмайсаң. 26 Бул қоз-
ғалаңшы халықты әшкаралама-
ўың ушын, Мен сени гүң қылып,
тилиңди таңлайыңа жабыстырып
таслайман. 27 Бирақ саған тил қат-
қанымда, сен оларға: «Қудай Ийе
былай деп атыр», – деп айтыўың
ушын сени тилге киргиземен. Тың-
лағысы келгенлер тыңласын, тың-
лағысы келмегенлер тыңламай-ақ
қойсын. Ақыры, олар қозғалаңшы
халық ғой!

### Ерусалим қамалының көриниси

4 1 – Инсан улы! Енди бир гербиш
алып алдыңа қой, оның үстине
Ерусалим қаласының сүўретин сал.
2 Қаланы қоршаўға алып, оған қарсы
қамал минараларын қур, дийўалға
топырақ үй, душпан ордасын қур
ҳәм қала айланасына дийўал буза-
туғын үскенелерди орнат. 3 Кейин

темир таба алып, оны өзиң менен
қаланың ортасына темир дийўал
етип орнат. Кейин жүзиңди қалаға
қарат. Қала қамал қылынады, сен
оны қамал қылған боласаң. Бул Из-
раил халқы ушын ескертиў болады.
4 Соңынан шеп қапталың менен жам-
баслап жатып, Израил халқының
гүнасын үстиңе жүкле. Шеп жағың
менен қанша күн жатсаң, сонша күн
олардың гүнасын өзиңе жүклейсең.
5 Олардың гүна қылған жыллары-
ның санына бола, сен ушын сонша
күн ажыраттым. Сен үш жүз тоқсан
күн даўамында Израил халқының
гүнасын өзиңе жүклейсең. 6 Бел-
гиленген ўақыт тамам болғаннан
кейин, оң жағыңа жамбаслап жат,
енди Яҳуда халқының гүнасын өзиңе
аласаң. Мен ҳәр жылды бир күн деп
есаплап, саған қырық күн белгиле-
дим. 7 Ерусалимниң қамал қылын-
ған дийўалларына жүзиңди қарат,
билегиңди түрип, оған қарсы пай-
ғамбаршылық қыл. 8 Қаланы қамал
қылған күнлериң питпегенше, Мен
сени бир жағыңнан екинши жағыңа
аўнай алмайтуғындай етип, арқан
менен байлап таслайман.

9 Енди бийдай, арпа, ақ ҳәм қы-
зыл лобия, тары ҳәм жазлық бий-
дай алып, бир ыдысқа сал ҳәм нан
писир. Оны үш жүз тоқсан күн
бир жағыңда жатқаныңда жейсең.
10 Ҳәр күни жейтуғын наныңның
муғдары жигирма шекелдиң[a] аўыр-
лығына тең болады, оны белги-
ленген ўақытта жейсең. 11 Суўды
да өлшеп ишесең, оның муғдары
ҳинниң алтыдан бир бөлегине[b] тең
болады. Оны да белгиленген ўа-
қытта ишесең. 12 Наныңды арпа
гүлшелериндей етип таярлап же.
Оларды адамлардың көз алдын-
да, адамның үлкен дәретине писир.

13 Жаратқан Ийе тағы:
– Мен Израил халқын басқа мил-
летлер арасына сүргин қылғаным-
да, олар ҳарам нан жейди, – деди.
14 Сонда мен:
– Аҳ, Қудай Ийе! Мен ҳеш қашан
өзимди ҳарамламағанман. Жас-
лығымнан усы күнге дейин, ҳеш
қашан ҳарам өлген яки жыртқыш
талап өлтирген ҳайўанды жеме-
генмен. Ҳеш қандай ҳарам гөш-
ти аўзыма алған емеспен, – дедим.

15 – Яқшы, – деди Ол, – наның-
ды адам дәретиниң орнына, мал-
дың тезегине писириўиңе рухсат
беремен.

16 Соңынан Ол маған былай деди:
– Инсан улы! Мен Ерусалимди
бир тислем нанға зар қыламан.
Олар қорқыў ишинде нанын өлшеп
жейди ҳәм ғулғылаға түсип, суўын
өлшеп ишеди. 17 Суў ҳәм нан жетис-
пейди. Адамлар қорқыныштан ес-
тен айырылады ҳәм гүналарының
зардабынан димарлары қурыйды.

### Ерусалимди қырғын болыў күтпекте

5 1 – Инсан улы! Өткир бир қы-
лыш ал, оны пәки орнына пай-
даланып, шашың менен сақалыңды
қырқып тасла. Кейин шашыңды
өлшеў ушын тәрези алып, оларды
бөлеклерге бөл. 2 Қаланың қамал
күнлери тамамланғанда, шашыңның

---

[a] **4:10** *Жигирма шекел* – бир шекел шама менен 11 гр.
[b] **4:11** *Ҳинниң алтыдан бир бөлеги* – бир ҳин шама менен 3,7 л.

үштен бир бөлегин гербишке сызыл-
ған қаланың үстинде жандыр. Үштен
бир бөлегин қала әтирапына шашып
таслап, қылыш пенен майдала. Қал-
ған үштен бирин самалға ушырып
жибер. Мен де қылышымды жала-
ңашлап, қала турғынларының изи-
нен қуўаман. 3 Бирақ шашыңның
бир неше талын алып, шапаныңның
шалғайына таңып қой. 4 Олардан жә-
не бир нешеўин алып, отқа таслап,
өртеп жибер. Сол жерден шыққан
от пүткил Израил халқына тарайды.
5 Қудай Ийе былай дейди: Бул
Ерусалим, оны Мен миллет-
лердиң қақ ортасына, ал басқа
миллетлерди оның айланасына
жайластырдым. 6 Бирақ Ерусалим
айланасындағы барлық миллетлер-
ден ҳәм еллерден бетер жаманлық
қылып, Мениң нызамларыма ҳәм
қағыйдаларыма қарсы бас көтерди.
Мениң нызамларымнан ўаз кешти
ҳәм қағыйдаларыма бойсынбады.
7 Сонлықтан Қудай Ийе былай
дейди: Сизлер айланаңыздағы
миллетлерден де бетер бас көтер-
гиш болып кеттиңлер. Мениң қа-
ғыйдаларыма әмел қылмадыңлар,
нызамларыма бойсынбадыңлар,
ҳәтте, әтирапыңыздағы миллет-
лердиң дәстүрлери бойынша да
ҳәрекет етпедиңлер.
8 Сонлықтан Қудай Ийе былай
дейди: Билип қой, Мен Өзим са-
ған қарсы шығаман. Сени миллет-
лердиң көз алдында жазалайман.
9 Қылған жеркенишли ислериң се-
бепли, Мен саған бурын ислемеген
ҳәм келешекте де ислемейтуғын
бир исти қыламан. 10 Сонда аш-
лықтан сендеги ата-аналар балала-
рының, балалар ата-аналарының
етин жейди. Мен сизлерди жаза-
лайман ҳәм тири қалғанларды са-
малға суўыраман.
11 Өз тирилигим ҳақы ант ише-
мен, – дейди Қудай Ийе, – барлық
жеркенишли мүсинлериң ҳәм бу-
зық дәстүрлериң менен сен Му-
қаддес мәканымды ҳарамладың.
Мен сени сақал қырыққандай етип
қырқып таслайман, аямайман, ре-
ҳим де қылмайман. 12 Халқыңның
үштен бири иллеттен ямаса аш-
лықтан қала ишинде өледи, үштен
бири қала әтирапында қылыштан
қырылады, ал қалған үштен би-
рин самалға суўыраман ҳәм қы-
лышымды жалаңашлап, олардың
изинен қуўаман.
13 Оларға ғәзебимди толық ша-
шып болғаннан кейин, қәҳәрим
басылады ҳәм Мен тынышлана-
ман. Қәҳәримди оларға толық ша-
шып болғаннан кейин, олар Мениң,
Жаратқан Ийениң қызғаныш пенен
айтқанын билип алады.
14 Айналаңдағы халықлардың
ҳәм сен арқалы өтетуғын ҳәр бир
адамның көз алдында сени қыйра-
тып таслап, насаққа қалдыраман.
15 Мен сизлерди ашыў ҳәм ғәзеп
пенен ҳүким қылып, аўыр жаза ме-
нен жазалағанымда, сен айналаң-
дағы халықларға масқара болып,
күлкиге қаласаң, олар буннан қор-
қыўға түсип, сабақ алады. Буны
Мен, Жаратқан Ийе айтып турман.
16 Сизлерди жоқ қылыў ушын, үсти-
ңизге ашлықтың набыт қылыўшы
оқларын атаман. Ашлығыңды кү-
шейтип, бир тислем нанға зар қы-
ламан. 17 Мен саған ашлықты ҳәм
жабайы аңларды жиберемен, олар
сени балаларыңнан айырады. Иллет

ҳәм қан төгиспе елди жайлайды,
үстиңе қылыш дөндиремен. Буны
Мен, Жаратқан Ийе айтып турман.

### Жаратқан Ийениң бутпаразлыққа қарсы ҳүкими

6 1 Маған Жаратқан Ийеден сөз
түсти:
2 – Инсан улы! Израил таўлары-
на жүзиңди қаратып, оларға қарсы
пайғамбаршылық етип, 3 былай деп
айт: «Ҳәй, Израил таўлары, Қудай
Ийениң сөзин тыңлаң! Қудай Ийе
таўларға, төбелерге, сай-сала-
ларға ҳәм ойпатлықларға былай
дейди: Қараңлар, Мен сизлерге
қарсы қылыш жиберемен, сыйы-
ныў орынларыңызды қыйратаман.
4 Қурбанлық орынларыңыз ўайран
қылынады, түтетки түтетилету-
ғын орынларыңыз қыйратылады,
өлтирилген адамларыңызды бут-
ларыңыздың алдына ылақтыра-
ман. 5 Мен Израил халқының өли
денелерин олардың бутларының
алдына таслайман ҳәм сүйеклери-
ңизди қурбанлық орынларыңыз-
дың дөгерегине шашаман. 6 Сизлер
қай жерде жасасаңыз да, қалала-
рыңыз ўайран болады, сыйыныў
орынларыңыз қыйрайды. Сонда
қурбанлық орынларыңыз ўайран
болып, қаңырап қалады, бутлары-
ңыз бөлекленип, жер менен жексен
болады, түтетки түтетилетуғын
орынларыңыз сындырып тасла-
нып, қол мийнетиңиз түп-тамыры
менен жоқ қылынады. 7 Араңызда
өлтирилгенлер қулап жатады, сон-
да Мениң Жаратқан Ийе екенимди
билип аласыз.
8 Бирақ Мен базыларды аман
қалдыраман. Сизлер ел бойлап
тарқатып жиберилгениңизде,
айырымларыңыз басқа миллет-
лер арасында қылыштан қутылып
қаласыз. 9 Аман қалғанлар сүр-
гин етип алып кетилген жерин-
деги миллетлер арасында Мени
еслейди. Меннен жүз бурған опа-
сыз жүреклери ҳәм бутлардың изи-
нен қараған бузық көзлери себепли
қаншелли ҳәсирет шектим. Олар
ислеген жаманлықлары ҳәм жер-
кенишли ислери ушын өзлеринен
өзлери жеркенеди. 10 Сонда олар
Мениң Жаратқан Ийе екенимди
билип алады. Мен оларға бул апат-
шылықты жиберемен деп, бостан-
босқа айбат еткеним жоқ.
11 Қудай Ийе былай демекте:
Ашыў менен алақаныңды алақа-
ныңа урып, жерди теўип былай
деп айт: Ислеген барлық жаўыз ҳәм
жеркенишли ислери ушын израил-
лылардың соры қурыйды! Олар қы-
лыштан, ашлықтан ҳәм иллеттен
қырылады. 12 Узақтағылар иллет-
тен өледи, жақындағылар қылыш-
тан қырылады. Қутылып, аман
қалғанлар ашлықтан набыт бо-
лады. Усылайынша, Мен оларға
ғәзебимди толық шашаман. 13 Қур-
банлық орынларының әтирапын-
дағы бутлардың арасында, ҳәр бир
бийик төбешикте ҳәм барлық таў-
дың төбелеринде, ҳәр бир қойыў
жапырақлы теректиң ҳәм ҳәр бир
саялы теребинф астында, яғный
бутларына хош ийисли түтетки
түтеткен жерлерде қырылғанлар
созылып жатқанда, олар Мениң
Жаратқан Ийе екенимди билип
алады. 14 Мен оларға қолымды кө-
терип, шөлден Диблаға шекемги,
олар жасаған барлық жерлерди

қаңыратып, бос қалдыраман. Сон-
да олар Мениң Жаратқан Ийе еке-
нимди билип алады».

### Израил халқының соңғы күнлери

7 [1] Маған Жаратқан Ийеден сөз
түсти:
[2] – Инсан улы! Қудай Ийе Изра-
ил жерине былай дейди: «Ақыры
жетти! Жердиң төрт тәрепиниң
ақыры жетти! [3] Мине, сениң ақы-
рың жетти! Мен сениң үстиңе ғә-
зебимди шашаман. Саған тутқан
жолларыңа ылайықлы ҳүким шы-
ғарып, барлық жеркенишли ис-
лериң ушын жазалайман. [4] Сени
аямайман, реҳим де қылмайман.
Тутқан жолларың ушын сени сөз-
сиз жазалайман, жеркенишли исле-
риң ушын жазаңды тартасаң. Сонда
сизлер Мениң Жаратқан Ийе еке-
нимди билип аласыз.
[5] Қудай Ийе былай дейди: Апат
үстине апат! Қараңлар, апат кел-
мекте! [6] Ақырың жетти, аўа, күниң
паянына жетти! Ол саған қарсы кө-
терилди. Қара, ол киятыр! [7] Саған
қырғын келди, саған келди, ҳәй,
елдиң турғыны! Ўақыт жетти, күн
жақын. Таўларда қуўаныш емес,
ала-сапыран ҳүким сүреди. [8] Тез
арада Мен саған қәҳәримди төгемен
ҳәм ғәзебимди толық шашаман. Са-
ған тутқан жолларыңа ылайықлы
ҳүким шығарып, барлық жеркениш-
ли ислериң ушын жазалайман. [9] Се-
ни аямайман, реҳим де қылмайман.
Тутқан жолларың ушын сени сөз-
сиз жазалайман, жеркенишли исле-
риң ушын жазаңды тартасаң. Сонда
сизлерди жазалаған Мен, Жаратқан
Ийе екенимди билип аласыз.
[10] Мине ол, сол күн! Мине, ол кел-
ди: қырғын көгерип шықты, зор-
лық гүлледи, менменлик бүртик
жарды. [11] Зорлық нызамсызлық-
ты жазалайтуғын таяқ болып өсип
шықты. Халықтан ҳеш ким қалма-
ды. Олардың молшылығы да, бай-
лығы да, салтанаты да қалмады.
[12] Ўақыт келди, сол күн жақын-
ласты. Сатып алған қуўанбасын,
сатқан ғам шекпесин. Себеби Ме-
ниң ғәзебим пүткил аламан үсти-
не жаўады. [13] Жерин сатқан адам
өмириниң ақырына дейин сатқан
жерин қайтарып ала алмайды. Өйт-
кени аян пүткил аламанға тийисли,
ол өзгермейди. Өзлериниң гүнасы
себепли олардың биреўи де өми-
рин сақлап қала алмайды. [14] Кәр-
найлар шалынды, ҳәммеси таяр.
Бирақ ҳеш ким саўашқа түспейди,
өйткени Мениң ғәзебим пүткил
аламан үстине жаўады. [15] Сыртта
қылыш, иште иллет ҳәм ашлық.
Даладағылар қылыштан, қала
ишиндегилер ашлықтан ҳәм ил-
леттен өледи. [16] Аман қалғанлар
ойпатлықтағы кептерлердей таўға
қашады. Олардың ҳәр бири өз гү-
насы ушын зар еңирейди. [17] Қолла-
рында ҳал қалмайды, дизелериниң
мәдары қурыйды. [18] Олар аза ки-
йимин кийеди, оларды қорқыныш
бийлейди. Ҳәммесиниң жүзи уят-
тан қызарып, барлығы шашларын
тықырлап алдырады. [19] Олар гү-
мисин көшеге ылақтырады, ал-
тыны ҳарам саналады. Жаратқан
Ийениң ғәзеп күнинде гүмис ҳәм
алтыны оларды қутқара алмайды,
ашлықтан да сақламайды, қарнын
да тойдырмайды. Алтын ҳәм гү-
мис оларды гүнаға баслаған еди.

[20] Өзлери мақтанып жүрген әжа-
йып тағыншақларынан олар жер-
кенишли бутларының мүсинлерин
ҳәм ҳарамы нәрселерин ислетти.
Сонлықтан Мен бул байлықларын
олар ушын ҳарам қылдым. [21] Мен
оларды жат жерлилерге олжа қы-
ламан, жер бетиндеги жаўызлар-
ға талатаман. Жаўызлар оларды
ҳарамлайды. [22] Мен оларға нәзер
салмайман, олар Мениң қәдирли
орнымды ҳарамлайды. Басқын-
шылар сол жерге кирип, оны ҳа-
рамлайды.

[23] Шынжырлар таярлаң! Ел қан-
лы жынаятқа, қала зорлыққа то-
лып кеткен. [24] Мен миллетлердиң
ең жаўызын жиберемен. Олар хал-
қымның үйлерин басып алады.
Күшлилердиң менменлигине шек
қояман, олардың мухаддес орын-
лары ҳарам қылынады. [25] Қорқы-
ныш келгенде, олар тынышлық
излей баслайды, бирақ тынышлық
болмайды. [26] Апат изинен апат ке-
леди, мыш-мыш изинен мыш-мыш
тарқалады. Олар пайғамбарлардан
бийкарға аянлар сорайды, руўха-
нийлер тәлим бериўден, ақсақал-
лар кеңес бериўден жуда болады.
[27] Патша ғамға батады, ҳүким-
дарын қорқыныш бийлейди, ел
халқының қолы иске бармайды.
Оларды тутқан жолларына сай жа-
залайман, өз ҳүкимлерине ыла-
йықлы ҳүким шығараман. Сонда
олар Мениң Жаратқан Ийе еке-
нимди билип алады».

### Ибадатханадағы бутпаразлық

**8** [1] Сүргинде болған ўақтымыздың
алтыншы жылының алтыншы
айының бесинши күни мен үйимде
отырған едим, Яҳуда ақсақаллары
да мениң жанымда еди. Сонда Қудай
Ийе қолын үстиме қойды. [2] Қарағa-
нымда, жалынға уқсаған биреўди
көрдим. Оның белинен төмени жа-
лынға уқсайды, белинен жоқарысы
болса, мыстай жарқырап турған еди.
[3] Ол қолға уқсаған бир нәрсени со-
зып, мениң шашымнан услап алды.
Руўх мени жер ҳәм көк аралығына
көтерди ҳәм Қудайдың аянында ме-
ни Ерусалимге, Ибадатхананың иш-
ки ҳәўлисиниң арқа дәрўазасының
кирер аўзына алып барды. Ол жерде
Қудайдың қызғанышын оятқан бут-
тың мүсини турған еди. [4] Сол жерде
маған Израилдың Қудайының сал-
танаты көринди. Мен бундай аянды
ойпатлықта да көрген едим.

[5] Қудай маған:
– Инсан улы! Арқа тәрепке қара, –
деди. Қарасам, қурбанлық орын
жанындағы дәрўазаның арқа тә-
репинде сол қызғаныш oятатуғын
буттың мүсини турған екен.

[6] Қудай маған және былай деди:
– Инсан улы, сен олардың не ислеп
атырғанын көрип турсаң ба? Израил
халқы бул жерде жүдә жеркенишли
ислерди ислеўи арқалы Мени Му-
хаддес мәканымнан узақластыр-
мақта. Бирақ сен буннан да бетер
жеркенишли нәрселерди көресең.

[7] Ол мени ҳәўлиниң кирер аўзы-
на алып келди. Қарасам, дийўал-
да бир тесик бар екен. [8] Ол маған:
– Инсан улы! Дийўалды тес, – де-
ди. Мен дийўалды тестим ҳәм ол
жерде бир қапыны көрдим. [9] Ол
маған:
– Кирип, олар бул жерде ис-
леп атырған жүдә жеркениш-
ли ислерди көр, – деди. [10] Мен

ишке кирип қарағанымда, дий-
ўалды айландырып ҳәр қыйлы
жер бауырлаўшылардың, жерке-
нишли ҳайўанлардың ҳәм изра-
иллылардың барлық бутларының
сүўретлеринің салынғанын көр-
дим. 11 Олардың алдында израил-
лылардың жетпис ақсақалы ҳәм
ақсақаллардың арасында Шафан
улы Язания турған еди. Олардың
ҳәр бириниң қолында түтетки тү-
тетилетуғын ыдыс болып, ыдыстан
шыққан хош ийис бултлар киби жо-
қарыға көтерилип турды.
12 Кейин Қудай маған былай деди:
– Инсан улы! Израил ақсақалла-
рының ҳәр бириниң қараңғылықта,
өзлериниң бутларының бөлме-
леринде нелер ислеп атырғанын
көрдиң бе? Олар: «Жаратқан Ийе
бизлерди көрмейди, Жаратқан Ийе
елди тәрк еткен», – дейди.
13 Ол маған тағы да:
– Сен олардың буннан да бетер
жеркенишли ислерди ислегенин
көресең, – деди.
14 Соңынан Ол мени Жаратқан
Ийениң Үйиниң арқа дәрўазасы-
ның кирер аўзына алып келди. Мен
ол жерде Таммуз деген қудай ушын
аза тутып жылап[a] отырған ҳаял-
ларды көрдим. 15 Ол маған:
– Буны көрдиң бе, инсан улы? Сен
буннан да бетер жеркенишли ис-
лерди көресең, – деди.
16 Ол мени Жаратқан Ийениң
Үйиниң ишки ҳәўлисине алып
келди. Ол жерде, Ибадатхананың
кирер аўзында, айўан ҳәм қурбан-
лық орын аралығында жигирма
беске жақын еркек бар еди. Олар
Жаратқан Ийениң Ибадатхана-
сына арқасын, ал шығысқа жүзин
қаратып, шығыстағы қуяшқа та-
бынып атырған еди. 17 Ол маған
былай деди:
– Көрдиң бе, инсан улы? Яҳуда
халқының бул жерде ислеп атыр-
ған жеркенишли ислери жетерли
емес пе еди? Буған қоса, олар жер-
ди зорабанлыққа толтырмақта ҳәм
Мениң ғәзебимди қаттырақ қозғат-
пақта. Олардың Маған қалай тил
тийгизип атырғанына қара! 18 Со-
ның ушын Мен ғәзеп атына мине-
мен. Мен оларды аямайман, реҳим
де етпеймен. Бар даўысы менен
бақырып жалбарынса да, оларды
тыңламайман.

### Ерусалимниң жазаланыўы

9 1 Кейин мен Жаратқан Ийениң
бәлент даўыс пенен:
– Қаланы жазалаў ушын тайын-
ланғанлар, ҳәр бириңиз қуралла-
рыңызды алып берман келиң! – деп
бақырғанын еситтим. 2 Мен арқа-
ға қарап турған жоқарғы дәрўаза
тәрептен киятырған алты еркек-
ти көрдим. Олардың ҳәр бириниң
қолында қырғын қылыўшы қурал
бар еди. Олардың жанында зығыр-
дан кийим кийген, белине жазыў
қуралларын асып алған биреў бар
еди. Олар ишке кирип, қола қур-
банлық орынның қасында турды.
3 Керублар[b] үстиндеги Израил-
дың Қудайының салтанаты өз ор-
нынан көтерилип, Ибадатхананың
босағасына барды. Жаратқан Ийе

---

a **8:14** *Аза тутып жылаў* – ҳәр жылы исленетуғын диний дәстүр.
b **9:3** *Керублар* – руўхый барлықлар. 1:5-25 қараң.

зығыр кийим кийип, белине жа-
зыў қуралларын асып алған адам-
ды шақырып, 4 оған:
– Ерусалим қаласын айланып шық
ҳәм қалада исленип атырған жерке-
нишли ислерден нала шегип, зарлап
атырғанлардың маңлайына белги
қой, – деди. 5 Басқа алты адамға
Оның былай дегенин еситтим:
– Оның изинен қаланы айланып,
адамларды қырып таслаң, аямаң,
реҳим етпең. 6 Ғаррыларды, жи-
гит ҳәм қызларды, балаларды ҳәм
ҳаялларды қырып таслаң. Бирақ
маңлайында белгиси барларға тий-
меӊ. Мениң Мухаддес мәканым-
нан баслаң.
Олар Ибадатхана алдында турған
ақсақаллардан баслады. 7 Қудай
алты адамға:
– Ҳәўлилерди өли денелерге тол-
тырып, Ибадатхананы ҳарамлаң.
Қәне, басланлар! – деди. Олар ба-
рып, қаладағыларды қыра басла-
ды. 8 Олар адамларды өлтиргенде,
жалғыз өзим қалған мен ет бетим-
нен жерге жығылып, пәрияд етип:
– Аҳ, Қудай Ийе! Ғәзебиңди Еру-
салимге шашып, Израилда тири
қалғанлардың ҳәммесин қырып
жибермекшимисең? – дедим. 9 Ол
маған былай деп жуўап берди:
– Израил ҳәм Яҳуданың гүна-
сы жүдә аўыр, ел қанға, қала әда-
латсызлыққа толған. Адамлар:
«Жаратқан Ийе елди тәрк етти,
Жаратқан Ийе көрмейди», – дей-
ди. 10 Мен де оларды аямайман,
реҳим де етпеймен. Тутқан жол-
ларына жараса жазасын беремен.
11 Сол арада зығыр кийим кийип,
белине жазыў қуралларын асқан
адам қайтып келип:
– Мен буйырғаныңдай қылдым, –
деп хабарлады.

## Қудайдың салтанатының Ибадатхананы тәрк етиўи

10 1 Мен керублардың үсти
бетиндеги гүмбездиң жо-
қарысында лазуриттен исленген
тахтқа уқсаған бир нәрсени көрдим.
2 Жаратқан Ийе зығыр кийимли
адамға:
– Керублар астындағы дөңгелек-
лер арасына кир. Керублар арасын-
да жанып турған көмирден бир
қосуўыс алып, оны қалаға шаш, –
деди.
Ол адам дөңгелеклер арасына
кирди, мен көрип турдым. 3 Ол адам
киргенде, керублар Ибадатхананың
қубла тәрепинде турған еди. Иш-
ки ҳәўли бултқа толды. 4 Жаратқан
Ийениң салтанаты керублардан
айырылып, Ибадатхананың боса-
ғасына келип турды. Ибадатхана
бултқа толды, ал ҳәўли Жаратқан
Ийениң салтанатының нурына тол-
ды. 5 Керублардың қанатларының
даўысы Қүдирети күшли Қудай-
дың сөйлегендеги даўысына уқсап,
сыртқы ҳәўлиден еситилип турды.
6 Жаратқан Ийе зығыр кийим-
ли адамға: «Дөңгелеклердиң ара-
сынан, керублардың арасынан от
алып шық», – деп буйрық берген-
де, адам кирип, дөңгелектиң ара-
сында турды. 7 Сонда керублардың
бири өзлериниң жанындағы отқа
қолын созып, бираз от алып зығыр
кийим кийген адамның алақанына
салды. Адам отты алып, ол жерден
шықты. 8 Керублардың қанатлары
астында адамның қолына уқсаған
нәрсе көринди.

9 Қарағанымда, керублардың жа-
нында төрт дөңгелекти көрдим.
Ҳәр бир керубтың жанында бир
дөңгелектен болып, дөңгелеклер
сары яқыт киби жалтылдар еди.
10 Олардың төртеўиниң де көрини-
си бирдей болып, ҳәр дөңгелектиң
ишинде кесесине салынған және
бир дөңгелектен бар еди. 11 Олар
қозғалғанда, төрт тәрепке де ҳәре-
кет ете алатуғын еди. Бас қай жақ-
қа бағытланса, олар бурылмастан,
сол жаққа жүрди. Жүргенде олар
ҳеш жаққа бурылмады. 12 Олар-
дың пүткил денеси, арқасы, қол-
лары, қанатлары ҳәм дөңгелеклери,
барлық төрт дөңгелеги де көзлер
менен қапланған еди. 13 Дөңгелек-
лердиң «қуйын» деп айтылатуғы-
нын еситип қалдым. 14 Олардың ҳәр
бириниң төрт бет-әлпети бар еди:
биринши бет-әлпети – керубтики,
екиншиси – адамдики, үшиншиси –
арысландики, төртиншиси – бүр-
киттики еди.
15 Керублар көтерилди. Олар ме-
ниң Кебар каналы бойында көрген
жанзатларым еди. 16 Керублар жүр-
генде, жанындағы дөңгелеклер де
жүретуғын еди. Керублар жерден
көтерилиў ушын қанатларын жай-
ғанда, дөңгелеклер де олардан айы-
рылмай жүрди. 17 Жанзатлардың
руўхы дөңгелеклерде болғанлық-
тан, олар тоқтағанда, дөңгелеклер
де тоқтайтуғын, олар көтерилгенде,
дөңгелеклер де көтерилетуғын еди.
18 Жаратқан Ийениң салтана-
ты Ибадатхананың босағасынан
кетип, керублардың үстинде тур-
ды. 19 Керублар қанатларын қағып,
мениң көз алдымда жерден көте-
рилди. Дөңгелеклер де олар менен
бирге көтерилип, Жаратқан Ийе-
ниң Үйиниң шығыс дәрўазасының
кирер аўзында тоқтады. Израил-
дың Қудайының салтанаты олар-
дың үстинде еди.
20 Бул жанзатларды мен Кебар
каналы бойында, Израилдың
Қудайының төменги жағында көр-
ген едим. Мен олардың керублар
екенин енди билдим. 21 Ҳәр бир ке-
рубтың төрт бет-әлпети, төрт қа-
наты ҳәм қанатларының астында
адам қолына уқсаған қоллары бар
еди. 22 Олардың бет-әлпети де, кө-
риниси де, өзлери де мен сол Кебар
каналы бойында көргенлериме уқ-
сайтуғын еди. Ҳәр бири туппа-туў-
ры алдыға қарай жүретуғын еди.

## Израилдың жетекшилериниң жазаланыўы

11 1 Руўх мени көтерип,
Жаратқан Ийениң Үйиниң
шығыс дәрўазасына алып келди.
Дәрўазаның кирер аўзында жи-
гирма бес адам бар еди. Олардың
арасында мен халық жетекшиле-
ринен Аззур улы Язанияны, Беная
улы Пелатияны көрдим.
2 Жаратқан Ийе маған:
– Инсан улы! Жаўыз нийетли мы-
на адамлар қаладағыларға жаман
кеңес берип: 3 «Үй салатуғын ўа-
қыт еле келмеди. Бул қала – қа-
зан, ал бизлер – оның ишиндеги
гөшпиз», – деп жүр. 4 Сонлықтан
оларға қарсы пайғамбаршылық ет,
пайғамбаршылық ет, инсан улы!
5 Соңынан Жаратқан Ийениң
Руўхы үстиме түсип, маған мы-
наларды айтыўды буйырды:
«Жаратқан Ийе былай дей-
ди: Израил халқы, сизлердиң не

айтқаныңызды ҳәм не ойлағаны-
ңызды Мен билемен. [6] Сизлер бул
қалада көп адамларды өлтирип,
көшелерин өли денелерге толтыр-
дыңыз.
[7] Сонлықтан Қудай Ийе былай
дейди: Сизлер қалада қалдырған
өлилер – гөш, ал қала – қазан бо-
лады. Бирақ өзлериңизди бул қа-
ладан қуўып шығараман. [8] Сизлер
қылыштан қорқасыз, Мен сизлер-
ге қылыш жаўдыраман, – дейди
Қудай Ийе. [9] – Сизлерди қаладан
қуўып шығарып, өзлериңизди
басқалардың қолына тапсыраман
ҳәм үстиңизден ҳүким шығара-
ман. [10] Сизлер қылыштан қырыла-
сыз, сизлерди Израил шегаралары
ишинде ҳүким қыламан. Сонда Ме-
ниң Жаратқан Ийе екенимди би-
лип аласыз. [11] Қала сизлерге ҳеш
қашан қазан, ал сизлер оның ишин-
деги гөш болмайсызлар. Сизлерди
Израил шегаралары ишинде ҳүким
етемен. [12] Сонда Мениң Жаратқан
Ийе екенимди билип аласыз. Сиз-
лер Мениң қағыйдаларыма әмел
қылмадыңыз, нызамларыма бой-
сынбадыңыз. Керисинше, айнала-
ңыздағы халықлардың әдетлерине
сай жасадыңыз».
[13] Мен пайғамбаршылық қылып
атырғанымда, Беная улы Пелатия
жан тапсырды. Мен ет бетимнен
жерге жығылып:
– Ах, Қудай Ийе, Израилдың аман
қалғанларын толық қырып тас-
ламақшымысаң? – деп даўыслап
жибердим.
[14] Маған Жаратқан Ийеден сөз
түсти:
[15] – Инсан улы! Туўысқанларың,
қанласларың ҳәм пүткил Израил
халқы туўралы Ерусалим турғынла-
ры былай деп айтпақта: «Жаратқан
Ийеден аўлақ жасаң, бул жер биз-
лерге мүлик қылып берилди».
[16] Сонлықтан сүргинде болғанларға
айт: «Қудай Ийе былай дейди: Мен
оларды узақтағы миллетлер арасы-
на жиберип, жер бойлап тарқатқан
болсам да, олар барған жерлеринде
Маған сыйынады, бирақ мухаддес
орын болмайды».
[17] – Кейин оларға айт: «Қудай
Ийе былай дейди: Мен сизлерди
халықлар арасынан жыйнап ала-
ман, тарқап кеткен жерлериңизден
қайтараман ҳәм сизлерге Израил
жерин беремен». [18] Халқым қай-
тып келгенде, барлық жеркенишли
ҳәм ҳарам нәрселерди ол жерден
алып таслайды. [19] Оларға бир ту-
тас жүрек берип, жаңа руўх сый-
лайман. Денесинен тас жүректи
алып таслап, жумсақ жүрек бе-
ремен. [20] Сонда олар қағыйдала-
рыма әмел қылып, нызамларыма
бойсынып, оларды орынлап жа-
сайды. Олар Мениң халқым, Мен
олардың Қудайы боламан. [21] Ал
жүреклери жеркенишли ҳәм ҳа-
рамы ислерге қумар адамларды
ислерине жараса жазалайман, –
дейди Қудай Ийе.
[22] Кейин керублар қанатларын
жайды, дөңгелеклер де олардың
жанында еди. Израилдың Қудайы-
ның салтанаты олардың үстинде
еди. [23] Жаратқан Ийениң салта-
наты қаланың ишинен көтерилип,
қала шығысындағы таўдың үстин-
де тоқтады. [24] Қудайдың Руўхы
арқалы көрген аянда Руўх мени кө-
терип, калдейлердиң елиндеги сүр-
гин етилгенлердиң арасына алып

келди. Кейин мен көрген аян мени
тәрк етти. 25 Мен Жаратқан Ийениң
аян қылғанларының ҳәммесин сүр-
гиндегилерге айтып бердим.

### Яҳуданың сүргин етилиўиниң белгиси

12 1 Маған Жаратқан Ийеден
сөз түсти:
2 – Инсан улы! Сен қозғалаңшы
халық арасында жасап атырсаң.
Олардың көриўге көзи бар, бирақ
көрмейди, еситиўге қулағы бар,
бирақ еситпейди. Өйткени олар
қозғалаңшы халық. 3 Сен, инсан
улы, сүргин қылынған адам ки-
би затларыңды таярлап, күндиз
олардың көз алдында жолға шық.
Олардың көз алдында өз орның-
нан басқа жерге көш. Олар қоз-
ғалаңшы халық болса да, бәлким,
түсинер. 4 Көшиўге керек нәрсе-
лериңди күндиз сыртқа шығарып
қой, ал өзиң, олардың көз алдында
сүргин қылынған адам киби кеш-
те жолға шық. 5 Дийўалды тесип,
түйиншигиңди сол тесиктен алып
шық. 6 Геўгим түскенде, олардың
көзинше түйиншикти желкеңе са-
лып, жолға шық. Тәрк етип атыр-
ған жерди көрмеў ушын жүзиңди
жаўып ал. Себеби Мен сени Изра-
ил халқы ушын бир белги қылдым.
7 Мен буйырылғанларды исле-
дим. Сүргинге керек нәрселердей
етип, затларымды күндиз шыға-
рып қойдым. Кеште дийўалды қо-
лым менен ойдым. Геўгим түскенде,
түйиншигимди шығарып, адам-
лардың көз алдында оны желке-
ме салдым.
8 Азанда маған Жаратқан Ийе-
ден сөз түсти:
9 – Инсан улы! Бул қозғалаң-
шы Израил халқы сеннен не қы-
лып атырғаныңды сорамады ма?
10 Оларға Қудай Ийе былай дейди
деп айт: «Бул Ерусалимдеги ҳүким-
дарға ҳәм ол жерде жасап атырған
пүткил Израил халқына тийис-
ли хабар». 11 Израил халқына айт:
«Мен сизлер ушын белгимен. Мен
не қылған болсам, Ерусалимдеги-
лерге де сол болады. Олар тутқын
қылынып, сүргинге алып кетиле-
ди». 12 Арасындағы ҳүкимдары да
қараңғылықта затларын ийнине
артып, жолға түседи. Дийўал арқа-
лы шығыў ушын оны теседи, тәрк
етилип атырған бул жерди көрмеў
ушын бетин жаўып алады. 13 Мен
оның үстине торымды таслайман,
ол дузағыма түседи. Оны Баби-
лонға, калдейлердиң жерине алып
бараман. Бирақ ол Бабилонды көр-
мейди ҳәм сол жерде жан тапсыра-
ды. 14 Оның дөгерегиндегилердиң
ҳәммесин, барлық жәрдемшилерин
ҳәм барлық ләшкерлерин ҳәр тә-
репке тарқатып жиберемен ҳәм қы-
лыш жалаңашлап изинен қуўаман.
15 Оларды миллетлер арасына тар-
қатып, өзге журтларға шашып жи-
бергенимде, олар Мениң Жаратқан
Ийе екенимди билип алады. 16 Бар-
ған жерлеринде өзлериниң жер-
кенишли ислери туўралы айтып
бериўи ушын, олардың айырымла-
рын қылыштан, ашлықтан ҳәм ил-
леттен аман сақлап қаламан. Сонда
олар Мениң Жаратқан Ийе екеним-
ди билип алады.
17 Жаратқан Ийеден маған сөз
түсти:
18 – Инсан улы, жегениңде тити-
ре, ишкениңде қорқыўдан қалтыра.

[19] Елдеги адамларға мыналарды
айт: «Ерусалим турғынлары ҳәм
Израил халқы туўралы Қудай Ийе
былай дейди: Олар нанын қорқыў
менен жеп, суўын ғулғылаға тү-
сип отырып ишетуғын болады.
Өйткени елдиң турғынларының
жаўызлықлары кесиринен жер ба-
ры-жоғынан айырылады. [20] Қо-
ныслы қалалар ўайран болып, ел
қаңырап бос қалады. Сонда олар
Мениң Жаратқан Ийе екенимди
билип алады».

## Айтылған сөз сөзсиз орынланады

[21] Маған Жаратқан Ийеден сөз
түсти:
[22] – Инсан улы! Сизлерде, Изра-
ил жеринде: «Күнлер өтер, барлық
пайғамбаршылық сөзлер пушқа
шығар», – деп айтылып жүргени
не нақыл өзи? [23] Оларға Қудай Ийе
былай дейди деп айт: «Мен бул
нақылды жоқ қыламан, қайтып
Израилда буны ҳеш ким айтпай-
туғын болады». Оларға: «Барлық
пайғамбаршылық аянлар орын-
ланатуғын күнлер жақынласпақ-
та», – деп айт. [24] «Енди Израил
халқында жалған пайғамбаршы-
лық ҳәм алдамшы болжаўлар бол-
майды. [25] Мен, Жаратқан Ийе не
айтсам да орынланады, енди ке-
шикпейди. Қозғалаңшы халық,
сизлердиң күнлериңизде Мен сөз
айтаман ҳәм оны әмелге асыра-
ман, – дейди Қудай Ийе».
[26] Қудай Ийеден маған сөз түсти:
[27] – Инсан улы! Израиллылар:
«Оның көрген аянлары көп ўа-
қыттан кейин орынланады, ол
тек ғана узақ келешек ҳаққында
пайғамбаршылық қылады», – деп
айтпақта. [28] Сонлықтан оларға
Қудай Ийе былай дейди деп айт:
«Айтқан сөзлеримниң бирде би-
реўи енди кешиктирилмейди. Не
айтқан болсам, ҳәммеси орынла-
нады, – дейди Қудай Ийе».

## Жалған пайғамбарлардың жазаланыўы

13 [1] Маған Жаратқан Ийеден
сөз түсти:
[2] – Инсан улы, ҳәзир пайғамбар-
шылық қылып атырған Израил
пайғамбарлары менен сөйлес. Өз-
лигинен пайғамбаршылық қылып
атырғанларға айт: «Жаратқан Ийе-
ниң сөзин тыңлаң! [3] Қудай Ийе
былай дейди: Ҳеш нәрсе көрмей,
аянларды өзлери қыялынан шы-
ғарып жүрген ақылсыз пайғамбар-
лардың соры қурысын! [4] Израил,
сениң пайғамбарларың қарабақа-
налар арасындағы сағалларға уқ-
сайды. [5] Жаратқан Ийениң күни
келгенде, Израил халқы саўашта
беккем турыўы ушын, олар дий-
ўалларға шығып, олардың опырыл-
ған жерлерин дүзетпеди. [6] Олардың
аянлары өтирик, ашқан паллары
жалған. Оларды Жаратқан Ийе
жибермеген болса да: „Жаратқан
Ийе усылай айтады“, – деп жәрия-
лайды ҳәм сол сөзлердиң орын-
ланыўын күтеди. [7] Мен айтпаған
болсам да: „Буны Жаратқан Ийе
айтады“, – дегениңизде, жалған
аянлар көрип, өтирик болжаўлар-
ды айтпадыңыз ба?
[8] Сонлықтан Қудай Ийе бы-
лай дейди: Сизлердиң сөзлериңиз
өтирик ҳәм аянларыңыз жал-
ған. Буның ушын Мен сизлерге

қарсы шығаман, – дейди Қудай Ийе.
9 – Жалған аянлар көрип, өтирик
болжаўлар айтатуғын пайғамбар-
ларға қарсы қолымды көтеремен.
Олар Мениң халқымның кеңесин-
де қатнаспайды, Израил халқының
дизимине тиркелмейди ҳәм Израил
жерине кирмейди. Сонда сизлер Ме-
ниң Қудай Ийе екенимди билесиз.
10 Себеби бул пайғамбарлар ты-
нышлық болмайтуғын болса да,
тынышлық болатуғынын айтып,
Мениң халқымды азғырды. Олар
ҳәлсиз дийўалды ҳәклегендей қыл-
ды. 11 Оларды ҳәклеп атырғанлар-
ға дийўалдың қулайтуғынын айт.
Нөсер жаўын қуйып, үлкен буршақ
жаўып, күшли даўыл көтериледи.
12 Дийўал қулағанда, адамлар жақ-
қан ҳәгиңиздиң қаякта екенин со-
рамай ма?
13 Енди Қудай Ийе былай демекте:
Мен ғәзепленип, күшли даўыл тур-
ғызаман, қәҳәрим менен нөсер ҳәм
буршақ жаўдырып, дийўалды опат
қыламан. 14 Сизлер ҳәклеген дий-
ўалды қулатып, жер менен жексен
етемен, оның түби көринип қалады.
Дийўал қулағанда, сизлер астында
қалып, набыт боласыз. Сонда Ме-
ниң Жаратқан Ийе екенимди билип
аласыз. 15 Мен дийўалға ҳәм оны
ҳәклегенлерге ғәзебимди толық
шашып, сизлерге: „Дийўал да, оны
ҳәклегенлер де жоқ болды, 16 яғный
Ерусалимде тынышлық болмайту-
ғын ўақытта тынышлықтың келе-
туғынын айтып, пайғамбаршылық
қылған Израилдың пайғамбарла-
ры жоқ болды“, – деймен, – дейди
Қудай Ийе».
17 – Ал енди, инсан улы, өзин-
ше пайғамбаршылық етип жүрген
халқыңның ҳаял-қызларына жү-
зиңди бур да, оларға қарсы пай-
ғамбаршылық қыл. 18 Оларға Қудай
Ийе былай дейди деп айт: «Ҳәр
бир адамның жанын аўлап, олар-
дың қолларына тумар таққан ҳәм
адамлардың басына түрли өлшем-
деги жапқыш тиккен ҳаяллардың
соры қурыйды! Халқымның жа-
нына қаслық қылып, өз жанымды
сақлап қаламан деп ойлайсыз ба?
19 Бир неше уўыс арпа ҳәм бир не-
ше тислем нан ушын, халқымның
алдында Мени хорладыңыз. Жал-
ғанға ҳәўес болған халқыма өтирик
сөйлеп, өлиўге тийисли болмаған
адамды өлтирдиңиз, өлиўи керек
адамның жанын аман сақлап қал-
дыңыз.
20 Сонлықтан Қудай Ийе былай
дейди: Мен сизлердиң адам жанын
қус киби аўлап атырған тумарла-
рыңызға қарсыман. Оларды қолла-
рыңыздан жулып аламан, қус киби
аўлаған жанларыңызды азат қы-
ламан. 21 Жапқышларыңызды да
жыртып, халқымды қолыңыздан
қутқараман. Олар енди сизлерге
олжа болмайды. Сонда сизлер Ме-
ниң Жаратқан Ийе екенимди би-
лип аласыз. 22 Мен ҳақ адамға зыян
келтирмекши болмасам да, сиз-
лер өтирик пенен оны үмитсизлен-
дирдиңиз. Сизлер наҳақ адамды
қоллап қуўатладыңыз. Сонлықтан
олар жаман жолынан қайтпады ҳәм
жанын сақлап қала алмады. 23 Сол
себепли енди сизлер жалған аян-
лар көрмейсиз ҳәм пал ашпайсыз.
Мен халқымды сизлердиң қолы-
ңыздан қутқараман. Сонда Мениң
Жаратқан Ийе екенимди билип
аласыз».

### Қудай бутпаразлықты жазалайды

**14** 1 Израил ақсақалларының
базылары келип, қарсы алды-
ма отырды. 2 Сонда Маған Жаратқан
Ийеден сөз түсти:
3 – Инсан улы, мына адамлар өз
бутларын жүрек төрине жайлап,
азғырыўшыны өзлериниң алдына
қойды. Солай екен, Меннен мәслә-
ҳәт сораўына қалай жол қояман?
4 Сонлықтан олар менен сөйле-
сип, оларға айт: «Қудай Ийе былай
дейди: Өз бутларын жүрек төрине
жайлап, азғырыўшыны өзлериниң
алдына қойған Израил халқынан
бир адам пайғамбардың алдына
келсе, Мен, Жаратқан Ийе оған
бутларының көплигине жараса жу-
ўап беремен. 5 Солай етип, бутлары
себепли Маған жат болған Изра-
ил халқының жүрегин Өзиме қа-
ратаман».
6 – Сонлықтан Израил халқы-
на айт: «Қудай Ийе былай дейди:
Тәўбе қылың, бутларыңыздан ўаз
кешиң ҳәм пүткил жеркенишли
затларыңыздан жүз бурың. 7 Егер
Израил халқынан болған биреў
ямаса Израилда жасап атырған
келгиндилерден бири Мени тәрк
етсе, өз бутларын жүрек төрине
жайлап, азғырыўшыны өзиниң ал-
дына қойса ҳәм Меннен мәсләҳәт
сораў ушын пайғамбарға келсе, он-
да Мен, Жаратқан Ийе, оған Өз жу-
ўабымды беремен. 8 Мен сол адамға
қарсы шығаман, оны ескертиўши
мысалға ҳәм әпсанаға айландыра-
ман, оны халқымның арасынан жоқ
қыламан. Сонда Мениң Жаратқан
Ийе екенимди билип аласыз.
9 Егер пайғамбар жолдан азып,
бир сөз айтса, онда сол пайғамбар-
ды Мен, Жаратқан Ийе азғырған
боламан. Мен оған қарсы қолымды
көтерип, халқым Израилдың ара-
сынан жоқ қыламан. 10 Пайғамбар
да, оннан мәсләҳәт сорап келген
де жазасын алады. Екеўи бирдей
айыплы. 11 Сонда Израил халқы
басқа Меннен айырылмайды ҳәм
гүналары менен өзлерин ҳарамла-
майды. Олар Мениң халқым, Мен
олардың Қудайы боламан, – дей-
ди Қудай Ийе».
12 Маған Жаратқан Ийеден сөз
түсти:
13 – Инсан улы, егер бир ел қыя-
нет етип, Маған қарсы гүна ислесе,
Мен оған қарсы қолымды көтере-
мен, оларды бир тислем нанға зар
қылып, ашлыққа дуўшар қыла-
ман. Елдеги адам ҳәм ҳайўанлар-
ды қырып таслайман. 14 Егер мына
үш адам: Нух, Даниел ҳәм Аюп сол
жерде болғанда да, олар ҳақлығы
менен тек өзлериниң жанларын
ғана қутқарып қалған болар еди, –
дейди Қудай Ийе. 15 – Егер Мен сол
жерге жыртқыш ҳайўанларды жи-
берсем, олар сол жерди адамсыз
қылса ҳәм сол жер жыртқышлар
себепли босап, адам аяқ баспай-
туғын болып қалса, 16 сонда усы
үш адам олардың арасында болса,
Мен Қудай Ийе, тирилигим ҳақы
ант ишемен: олар өзлеринен бас-
қа ҳеш кимди, ҳәтте, улларын да,
қызларын да қутқара алмас еди.
Жер болса қаңырап бос қалар еди.
17 Ямаса, Мен сол жерге қылыш жи-
берип: «Қылыш, ел бойлап өт!» –
десем ҳәм ондағы адамлар менен
ҳайўанларды қырсам, 18 сонда усы

үш адам олардың арасында болса,
Мен Қудай Ийе, тирилигим ҳақы
ант ишемен: олар өзлеринен басқа
ҳеш кимди, ҳәтте, улларын да, қыз-
ларын да қутқара алмас еди. 19 Бол-
маса, Мен бул елге иллет жиберсем,
ямаса қан төгиў ушын ғәзебимди
төгип, адамларды ҳәм ҳайўанлар-
ды қырып тасласам, 20 Мен Қудай
Ийе, тирилигим ҳақы ант ишемен:
Нух, Даниел ҳәм Аюп олардың ара-
сында болса да, олар улларын да,
қызларын да қутқара алмас еди.
Тек ҳақлығы менен өзлериниң жа-
нын ғана қутқара алар еди.

21 Ал енди Қудай Ийе былай дей-
ди: Ерусалимдеги адамларды ҳәм
ҳайўанларды жоқ қылыў ушын,
оларға буннан да бетер төрт аўыр
жазаны: қылыш, ашлық, жыртқыш
ҳайўанлар ҳәм иллет жиберемен.
22 Деген менен айырым адамлар
аман қалады. Аман қалған еркек
ҳәм ҳаяллар ол жерден шығып,
Бабилонияға, алдыңызға келеди.
Сизлер олардың жүрис-турысын
ҳәм ислерин көргениңизде, Мен
Ерусалимге неге усындай апатлар-
ды жибергенимди түсинип, олар-
дың басына салған ҳәмме нәрседен
тәселле табасыз. 23 Аўа, олардың
жүрис-турысын ҳәм ислерин кө-
рип тәселле табасыз. Сизлер Мениң
Ерусалимде ислеген барлық исле-
римниң қурыдан-қуры исленбеге-
нин билесиз, – дейди Қудай Ийе.

### Жарамсыз ағаш

**15** 1 Маған Жаратқан Ийеден
сөз түсти:
2 – Инсан улы! Жүзим ағашының,
басқа барлық тереклерден яма-
са жүзим шақасының тоғайдағы
басқа ағашлардың шақасынан ар-
тықмашлығы бар ма? 3 Жүзим ша-
қасынан бир нәрсе ислеўге бола ма?
Ҳеш болмаса, бир нәрсени илип қо-
йыў ушын илгиш соға ала ма? 4 Яқ,
ол тек отын қылыўға жарайды. От
оның еки ушын жандырып, орта-
сын күйдирип жибергеннен кейин,
ол дәртке аса ма? 5 Жанбаған ша-
қа жарамсыз болғаннан кейин, от-
қа жанып күйип кеткеннен кейин,
қалай иске жарайды? 6 Сонлықтан
Қудай Ийе былай дейди: Тоғай-
дағы тереклер арасындағы жүзим
ағашы киби, Ерусалим турғынла-
рын да отқа таслайман. 7 Оларға
қарсы шығаман. Бир оттан қашып
қутылса, екиншиси жалмайды. Жү-
зимди оларға қарсы қаратқанымда,
Мениң Жаратқан Ийе екенимди
билип аласыз. 8 Халқым Маған қы-
янет қылғаны ушын, бул жерди
қаңыраған шөлге айландыраман, –
дейди Қудай Ийе.

### Бийопа Ерусалим

**16** 1 Маған Жаратқан Ийеден
сөз түсти:
2 – Инсан улы! Ерусалимниң бар-
лық жеркенишли ислерин әшка-
ралап, 3 Қудай Ийе былай дейди
деп айт: «Сениң ата тегиң ҳәм се-
ниң туўылған жериң Қанан, әкең
амор халқынан, анаң хет халқынан.
4 Туўылғанында сениң киндигиң
кесилмеди, тазалап шомылдырыл-
мадың, дузға салынбадың, жөргек-
ке де оралмадың. 5 Ҳеш ким аяп,
саған булардан биреўин islemе-
ди, мийрим көрсетпеди. Қайта-
ма, дүньяға келген күни-ақ, сен
жек көрилип, далаға ылақтырып
тасландың. 6 Қапталыңнан өтип

баратырып, Мен сениң қаныңа
былғанып жатырғаныңды көрип
қалдым, саған: „Жаса!“ – дедим.
Мен саған: „Жаса!“ – деп айттым.
7 Мен сени даладағы өсимлик киби
өсирдим. Сен өсип кәмалға жеттиң,
айрықша гөззаллыққа бөлендиң,
көкирегиң толысып, шашларың
өсти. Бирақ сен тырдай жалаңаш
едиң. 8 Мен және қасыңнан өттим
ҳәм саған сер салдым, сен муҳаб-
батқа таяр едиң. Етегимди жала-
ңаш денеңе жаўып, оны қымтадым.
Ант ишип, сениң менен неке кели-
симин дүздим ҳәм сен Меники бол-
дың, – дейди Қудай Ийе.

9 Сени шомылдырып, қаннан та-
заладым ҳәм денеңе зәйтүн ма-
йын жақтым. 10 Үстиңе нағыслы
көйлек, аяғыңа жумсақ териден
аяқ кийим кийгизип, басыңа ҳа-
сыл зығыр орайпек орадым ҳәм
жипектен кийимлер кийгиздим.
11 Сени безендирдим, қолларыңа
билезик, мойныңа моншақ тақ-
тым. 12 Мурныңа әребек, қулақла-
рыңа сырға тағып, басыңа әжайып
таж кийгиздим. 13 Сен алтын ҳәм
гүмиске бөлендиң. Ҳасыл зығыр
ҳәм жипектен тигилген нағыслы
кийимлер кийдиң. Сапалы бийдай
унынан жабылған нан, пал ҳәм зәй-
түн майы менен аўқатландың. Сен
аса сулыў болып, ханша дәрежеси-
не жеттиң. 14 Сулыўлығың миллет-
лер арасында даңқ таратты, Мениң
саған берген уллылығым себепли,
гөззаллығың минсиз еди, – дейди
Қудай Ийе.

15 Сен болсаң, гөззаллығыңа исен-
диң, даңқыңнан пайдаланып, бу-
зықшылық иследиң. Өткен-кет-
кенге кеўил қойып, гөззаллығыңды
оларға бердиң. 16 Кийимлериңнен
биразы менен сыйыныў орынла-
рын безедиң ҳәм сол жерде бузық-
шылық қылдың. Бундай нәрсе бу-
рын болмаған, енди де болмайды.
17 Мен берген алтын ҳәм гүмис та-
ғыншақлардан еркек бутлардың
мүсинин ислеттиң ҳәм олар менен
бузықшылық қылдың. 18 Нағыс-
лы кийимлерди олардың үстине
жаўып, Мен берген зәйтүн майын
ҳәм хош ийисли түтеткини олардың
алдына қойдың. 19 Мениң наным-
ды, Мен саған берген сапалы бий-
дай унын, зәйтүн майын ҳәм палды
хош ийисли сый ретинде олардың
алдына қойдың. Аўа, солай исле-
диң, – дейди Қудай Ийе.

20 Ҳәтте, Маған туўып берген ул-
ларыңды ҳәм қызларыңды оларға
жем қылып, қурбанлыққа бердиң.
Бузықшылық қылғаның аз болған-
дай, 21 сен Мениң балаларымды
шалып, отта жағып, оларға бердиң.
22 Усы жеркенишли ислерди ҳәм
бузықшылықларды ислегениңде,
өзиңниң тырдай жалаңаш болып,
қаныңа былғанып жатырған кү-
ниңди, жаслығыңды еслемедиң.

23 Сорың қурысын, сорың қу-
рысын! – дейди Қудай Ийе. – Ис-
леген барлық жаўызлықларыңа
қоса, 24 сен ҳәр бир ашық майдан-
да өзиңе шатыр ҳәм сыйыныў ор-
нын қурдың. 25 Ҳәр бир көшениң
басына сыйыныў орнын қурып,
гөззаллығыңды аяқ асты қылдың.
Өткен-кеткенге сатаныңды ашып,
бузықшылық үстине бузықшылық
қылдың. 26 Жынысый ағзасы ири
болған қоңсыларың мысырлылар
менен бузықшылық иследиң. Бу-
зықшылық үстине бузықшылық

қылып, Мениң қәҳәримди кел-
тирдиң. 27 Мине, Мен саған қарсы
қолымды көтерип, ырысқыңды
кемейттим. Сени душпаның фи-
листли қызлардың қолына бердим.
Ҳәтте, сениң уятсыз қылықларың-
нан олардың да жүзи қызарған.
28 Сен ассирияльлылар менен де бу-
зықшылық иследиң, тоймадың.
Олар менен бузықшылық иследиң,
қанаатланбадың. 29 Саўдагерлер-
диң жери болған калдейлердиң
жерине дейин бузықшылығыңды
арттырдың, бирақ буның менен де
қанаатланбадың.

30 Жүрегиң қандай бузық! – дей-
ди Қудай Ийе. – Булардың ҳәмме-
син, жүўенсиз жезөкшедей жүзеге
асырдың. 31 Ҳәр көшениң басына
шатыр қурып, ҳәр бир майданға
сыйыныў орнын салғаныңда, сен
жезөкшеден парық қылдың, себеби
төлемнен жүз бурдың. 32 Сен бий-
опа ҳаялсаң. Өз күйеўиңнен гөре,
басқа еркеклерди абзал көрдиң.
33 Ҳәмме бузықлар сый алады, ал
сен өзиң ойнасларыңа сыйлар бер-
диң. Ҳәр жақтан келип, сениң ме-
нен жатыўы ушын, оларды сатып
алдың. 34 Сен басқа бузықлардан
өзгешесең. Ҳеш ким сени бузық-
шылық қылыўға итермелемеген,
саған ҳеш ким ҳақы төлемеген, сен
өзиң оларға ҳақы төлегенсең. Со-
ның ушын сен басқаларға уқса-
мағансаң.

35 Сонлықтан, жезөкше, Жаратқан
Ийениң сөзин тыңла! 36 Қудай Ийе
былай дейди: Сениң бетсизлигиң
әшкара болды, ойнасларың менен
бузықшылық қылғаныңда, жала-
ңашлығың ашылып қалды, барлық
жеркенишли бутларыңа табынып,
балаларыңды оларға қурбанлыққа
бердиң. 37 Булар ушын кәйипи-сапа
қурған барлық ойнасларыңды, бар-
лық сүйиклилериңди, олар менен
бирге сен жеркенгенлерди ҳәмме
жақтан бир жерге топлайман. Се-
ни тырдай жалаңаш қылып, олар-
дың алдына шығарып қояман. Олар
сениң толық жалаңаш денеңди кө-
реди. 38 Неке ҳадаллығын бузған
ҳәм қан төккен ҳаялларға бери-
летуғын жазаны саған беремен.
Ғәзебим ҳәм қызғанышым менен
сениң қаныңды ағызаман. 39 Се-
ни ойнасларыңның қолына тап-
сыраман, олар сениң шатырыңды
жығып, сыйыныў орынларыңды
бузып таслайды. Үстиңдеги кийим-
лериңди ҳәм тағыншақларыңды
тартып алып, сени тырдай жала-
ңаш қалдырады. 40 Олар саған қар-
сы аламанды топлайды, сени тас
боран қылып өлтирип, денеңди қы-
лыш пенен тилкимлейди. 41 Үйиң-
ди өртеп, көплеген ҳаяллардың
көз алдында сени ҳүким қылады.
Солай етип, бузықшылығыңа шек
қояман, артық ойнасларыңа ҳақы
төлемейсең. 42 Сонда саған деген
ғәзебимнен түсип, қәҳәрден қай-
таман. Тынышланаман ҳәм бас-
қа ғәзепленбеймен. 43 Сен жаслық
күнлериңди еске алмадың. Қыл-
мыс ислеп, Мени ғәзеплендиргениң
ушын, усы қылмысларыңа жараса
жаза беремен, – дейди Қудай Ийе. –
Барлық жеркенишли ислериңниң
үстине бул уятсыз қылықларды да
қоспадың ба?

44 Нақыл менен сөйлейтуғынлар
сен туўралы: „Анасы қандай бол-
са, қызы да сондай“, – деп айтады.
45 Сен күйеўинен ҳәм перзентинен

ўаз кешкен анаңа жүдә уқсайсаң.
Сен күйеўинен ҳәм перзентле-
ринен ўаз кешкен апа-сиңлиле-
риңниң өзисең. Сениң анаң хет
халқынан, әкең амор халқынан.
46 Әжапаң – қызлары менен арқа
тәрепинде жасаған Самария, ал
сиңлиң – қызлары менен сениң
қубла тәрепиңде жасаған Содом.
47 Сен олардың жолларынан жү-
рип, жеркенишли ислерине елик-
леп ғана қоймай, өз жолларыңда
олардан тез озып кеттиң. 48 Мен,
Қудай Ийе, тирилигим ҳақы ант
ишип айтаман: сиңлиң Содом да
өз қызлары менен сен ҳәм сениң
қызларың ислеген жаўызлықла-
рыңды ислемеди. 49 Сиңлиң Со-
домның айыбы мынаў еди: ол ҳәм
оның қызлары менмен, тоқ, бий-
пәрўа еди. Олар кәмбағал ҳәм жар-
лыларға жәрдем бермеди. 50 Олар
тәкаббир еди ҳәм Мениң алдым-
да жеркенишли ислерди иследи.
Мен буны көрип, оларды жоқ қыл-
дым. 51 Самария да сен ислеген
гүналардың ярымын да ислеген
жоқ. Сен жеркенишли ислерди
ислеўде олардан асып түстиң. Сен
ислеген ислерге салыстырғанда,
апа-сиңлилериң ҳақ болып кө-
ринеди. 52 Енди шерменделигиң-
ди көтер. Сен апа-сиңлилериңниң
жазасын жеңиллестирдиң. Сен
олардан да бетер жеркенишли гү-
наларды ислеп, оларды өзиңнен
гүнасызырақ қылып көрсеттиң.
Уяттан қызарып, шерменделигиң-
ди көтер. Себеби сен апа-сиңлиле-
риңди гүнасыз қылып көрсеттиң.

53 Бирақ Содомның ҳәм оның
қызларының, Самарияның ҳәм
оның қызларының, олар менен
бирге сениң де абаданшылығың-
ды қайтараман. 54 Сонда сен ис-
леген ислериң ушын уятқа қалып,
шерменде боласаң. Буны көрип
апа-сиңлилериң өзлериниң аўҳа-
лына шүкирлик қылады. 55 Апа-
сиңлилериң Содом ҳәм Самария
өз қызлары менен бурынғы аўҳа-
лына қайтады. Сен де өз қызларың
менен бирге бурынғы аўҳалыңа
қайтасаң. 56 Тәкаббир ўақтыңда
сиңлиң Содомды мазақ қылату-
ғын единң. 57 Енди болса, сениң жа-
ўызлығың ашылып қалды. Сен
Арам қызлары ҳәм оның барлық
қоңсыларына, филистли қызларға
ҳәм әтирaптағы сени жек көрету-
ғын барлық халықларға масқара
боласаң. 58 Уятсыз қылықларың
ҳәм жеркенишли ислериң ушын
жазаңды тартыўың шәрт, – дей-
ди Жаратқан Ийе.

59 Қудай Ийе былай дейди: Мен
саған ылайықлы жазаңды бере-
мен. Сен Мениң келисимимди бу-
зып, антқа немқурайды қарадың.
60 Деген менен, жаслық шағыңда
сениң менен дүзген келисимим-
ди ядқа алып, сениң менен мәңги-
лик келисим дүземен. 61 Әжапаңды
ҳәм сиңлиңди қабыл қылғаныңда,
өз жолыңды есиңе алып, уяласаң.
Мен оларды саған қыз қылып бе-
ремен. Бирақ бул сениң менен дү-
зетуғын келисимиме кирмейди.
62 Мен сениң менен келисимимди
қайта тиклеймен. Сонда сен Ме-
ниң Жаратқан Ийе екенимди би-
лип аласаң. 63 Мен сени барлық
гүналарыңнан пәклегенимде, сен
оларды еске алатуғын, уялып, аў-
зыңды да ашпайтуғын боласаң, –
дейди Қудай Ийе».

### Еки бүркит ҳәм жүзим ағашы ҳаққында тымсал

**17** 1 Маған Жаратқан Ийеден
сөз түсти:
2 – Инсан улы! Израил халқы-
на жумбақлап тымсал айтып бер.
3 Оларға айт: «Қудай Ийе былай
дейди: Үлкен қанатлы, узын пәр-
ли, мамық, ала-шубар бир айбат-
лы бүркит Лебанонға ушып келип,
кедр ағашының төбесин бүрип, 4 ең
жоқарғы шақасын жулып алды.
Оны саўдагерлердиң елине алып
барып, алып сатарлардың қала-
сына отырғызды. 5 Кейин үлкениң
туқымынан алып, өнимдар топы-
раққа екти. Оны мол суўлар бойы-
на, тал сыяқлы отырғызды. 6 Ол
өсип, шақалары жайылған, келте
бойлы жүзим ағашына айланды.
Оның шақалары бүркитке қарай
ийилди, тамыры өз орнында қал-
ды. Солай етип, ол шақалаған, қо-
йыў жапырақлы ағаш болып өсти.
7 Бирақ үлкен қанатлы, мамық
пәрли басқа бир бүркит те бар еди.
Жүзим ағашы суў излеп, отырғы-
зылған орнынан тамырын оған
қарай бурды ҳәм шақаларын оған
созды. 8 Жүзим ағашы шақалап,
мийўе берип, саўлатлы болатуғын-
дай, мол суўлар бойына, өнимдар
топыраққа егилген еди».
9 – Оларға айт: «Қудай Ийе бы-
лай дейди: Енди бул жүзим аға-
шы ғаўлап өсе ме екен? Биринши
бүркит оны тамыры менен суўы-
рып, солқымларын жулып, солы-
тып тасламай ма? Оның тазадан
өскен шақалары қуўрап қалады.
Ағашты тамыры менен суўырып
алыў ушын, үлкен күш яки көп
санлы ләшкер керек болмайды.
10 Ол көширип егилсе де, ғаўлап
өсе ме екен? Шығыс самалы ескен-
де, қуўрап қалмай ма? Ағаш өскен
қарығында-ақ солып қалады».
11 Маған Жаратқан Ийеден сөз
түсти:
12 – Қозғалаңшы халыққа: «Бу-
лардың мәнисин билмейсиз бе?» –
деп айт. Оларға былай деп айт:
«Мине, Бабилония патшасы Еру-
салимге келип, оның патшасын ҳәм
ҳәмелдарларын Бабилонға алып
кетти. 13 Ол патша әўладынан би-
реўин таңлап, оның менен питим
дүзди ҳәм ант иштирип питимди
бекитти. Ол елдеги барлық бас-
шыларды тутқын етип алып кет-
ти. 14 Патшалықтың бойсыныўшаң
болыўы, көтерилис қылмаўы ҳәм
питим сақланып қалып, беккем
болыўы ушын ол усылай иследи.
15 Бирақ таза қойылған патша ат-
лар менен адамлар бериўин сорап,
Мысырға елшилерин жиберди ҳәм
усы иси арқалы Бабилонға қарсы
шықты. Бул адам табысқа ерисе
алар ма екен? Буны ислеген адам
аман қалар ма екен? Ол питимди
бузды, енди аман қала ма? 16 Мен,
Қудай Ийе тирилигим ҳақы ант
ишемен: ишкен антынан қайтып,
дүзген питимин бузғаны ушын, ол
өзин патша етип тахтқа отырғыз-
ған патшаның мәканында, Баби-
лонда өледи. 17 Бабилония патшасы
көплердиң жанын алыў ушын, дий-
ўалға топырақ үйгенде ҳәм қамал
минараларын қурғанда, уллы кү-
ши ҳәм сансыз халқы болса да, фа-
раон бул урыста жәрдем бермейди.
18 Ол дүзген питимин бузды, ишкен
антынан тайды. Ол қол берискен

болса да, бул ислерди қылды. Енди
ол қашып қутыла алмайды.
19 Сонлықтан Қудай Ийе былай
дейди: Өз тирилигим ҳақы ант
ишемен: Мениң алдымда ишилген
антқа немқурайды қараған ы ҳәм
Мениң алдымда дүзилген питим-
ди бузғаны ушын, ондағы барлық
нәлетлерди оның басына саламан.
20 Мен оған тор таслайман, ол Ме-
ниң дузағыма түседи. Оны Баби-
лонға алып барып, Маған қарсы
ислеген опасызлығы ушын ҳүким
шығараман. 21 Оның қашып бара-
тырған әскерлери қылыштан қа-
за табады, ал қалғанлары самалға
суўырылады. Сонда бул сөзлерди
айтқан Мен – Жаратқан Ийе еке-
нимди билип аласыз.
22 Қудай Ийе былай дейди: Кедр
ағашының уша басынан бир шақа-
ны алып отырғызаман. Төбесин-
деги шақасынан бир жас шыбық
алып, оны үлкен ҳәм бәлент таўдың
төбесине егемен. 23 Оны Израил-
дың бәлент таўына отырғызаман.
Ол шақа жайып, мийўе береди ҳәм
бир уллы кедр ағашына айланады.
Барлық қуслар шақаларына мә-
кан басады, ҳәр қыйлы қанатлы
жанзатлар шақаларының саясын
паналайды. 24 Даладағы барлық
ағашлар бийик ағашты жығату-
ғын, пәс ағашты бийиклететуғын,
жасыл ағашты қуўрататуғын, қуў-
раған ағашты гүллендиретуғын
бул – Мен, Жаратқан Ийе екеним-
ди билип алады. Мен, Жаратқан
Ийе айтаман ҳәм жүзеге асыраман».

### Жеке жуўапкершилик

18 1 Маған Жаратқан Ийеден
сөз түсти:
2 «Не ушын сизлер Израилда:
„Әкелери қышқыл жүзим жейди,
балаларының тиси қамасады“, –
деген нақылды қолланасыз? 3 Мен,
Қудай Ийе тирилигим ҳақы ант
ишемен: бул нақылды Израилда
енди айтпайтуғын боласыз. 4 Би-
лип қойың: ҳәр бир тири жан Ма-
ған тийисли. Әкениң де, баланың
да жаны Мени ки. Тек гүна қылған
адам өледи. 5 Ҳақ адам әдалатлы
ҳәм туўры болған нәрсени ислей-
ди. 6 Ол төбешиклердеги бутларға
арналған қурбанлық мәресимине
қатнаспайды, Израил халқының
бутларына көз салмайды, басқа-
ның ҳаялын ҳарамламайды ҳәм
етек кири келген ўақтында ҳаялға
жақынламайды. 7 Ҳеш кимге зулым
қылмайды, гиреўге алған затын
қайтарып береди, таланшылық
қылмайды, аш адамға нан, жала-
ңашқа кийим береди. 8 Өсим ушын
қарыз бермейди, үстеме алмайды,
наҳақлықтан қолын тыяды, еки
адам арасындағы даўды әдиллик
пенен шешеди. 9 Ол Мениң қағый-
даларыма әмел қылады, нызамла-
рымды шын жүректен орынлайды.
Бундай адам – ҳақ адам, ол сөзсиз
жасайды, – дейди Қудай Ийе.
10 Бирақ усы ҳақ адамның қан тө-
гип жүрген, бир қарақшы баласы
болып, ол усы надурыс нәрселерден
бирин ислесе, 11 яғный әкеси исле-
меген исти қылып, төбешиклерде-
ги бутларға арналған қурбанлық
мәресимине қатнасса, басқаның
ҳаялын ҳарамласа, 12 жарлы ҳәм
кәмбағалға зулым қылса, талан-
шылық қылса, гиреўге алған затын
қайтарып бермесе, бутларға табын-
са, жеркенишли ислерди ислесе,

13 өсим ушын қарыз берип, үстеме
алса, онда ол аман қалар ма екен?
Ол аман қалмайды. Бундай жер-
кенишли ислерге қол урған адам
сөзсиз өлтирилиўи тийис. Өлими-
не өзи себепши болады.

14 Егер бундай адамның перзен-
ти болса ҳәм ол әкеси ислеген бар-
лық гүналарды көре тура, әкесине
еликлемесе, 15 яғный төбешиклер-
деги бутларға арналған қурбанлық
мәресимине қатнаспаса, Израил
халқының бутларына көз салма-
са, жақынының ҳаялын ҳарамла-
маса, 16 ҳеш кимге зулым қылмаса,
қарыздардан гиреў талап қылмаса,
таланшылық қылмаса, ашқа нан,
кийимсизге кийим берсе, 17 кәмба-
ғалды жәбирлемесе, өсим ҳәм үс-
теме алмаса, Мениң нызамларыма
бойсынып, қағыйдаларыма әмел
қылса, онда ол әкесиниң гүнасы
ушын өлмейди, ол жасайды. 18 Ал
әкеси өз гүнасы ушын өледи. Се-
беби ол зулымлық қылды, туўыс-
қанын талады, өз халқы арасында
жарамас ислерди иследи.

19 Сизлер: „Не ушын перзент әке-
ниң гүнасы ушын жуўап бермей-
ди?“, – деп айтасыз. Себеби перзент
әдил ҳәм туўры ислерди иследи.
Мениң барлық қағыйдаларыма му-
қыятлы түрде әмел қылды. Ол сөз-
сиз жасайды. 20 Тек гүна қылған
адам өледи. Перзент әкениң, әке
болса, перзенттиң гүнасы ушын
жуўапкер емес. Ҳақ адам ҳақлы-
ғының, наҳақ адам өз наҳақлығы-
ның жуўабын алады.

21 Егер наҳақ адам ислеген бар-
лық гүналары ушын тәўбе қылып,
Мениң барлық қағыйдалары-
ма әмел қылса, әдил ҳәм туўры
ислерди ислесе, ол жасайды, өл-
мейди. 22 Ол қандай қылмыс исле-
месин, ҳеш бири еске алынбайды,
ол ислеген әдил ислери себепли жа-
сайды. 23 Мен наҳақ адамның өли-
мин қәлеймен бе? – дейди Қудай
Ийе, – Мен оның жаман жолдан
қайтыўын ҳәм жасаўын қәлемей-
мен бе?

24 Егер ҳақ адам өз ҳақлығынан
тайып, наҳақ ис тутса, жаўызлар
киби барлық жеркенишли ислер-
ди ислесе, ол жасай ма? Ол ислеген
әдалатлы ислердиң ҳеш бири еске
алынбайды, ал өзи ислеген қыяне-
ти ҳәм гүнасы ушын өледи.

25 Сизлер: „Ийениң жолы натуў-
ры“, – дейсизлер. Тыңлаң, Израил
халқы! Мен тутқан жол натуўры
ма? Сизлердиң жолыңыз натуўры
емес пе? 26 Егер ҳақ адам ҳақлығы-
нан тайып, натуўры ислерге қол
урса ҳәм усы себепли өлсе, онда
ол өзи ислеген гүнасы ушын өле-
ди. 27 Егер наҳақ адам өз наҳақлы-
ғынан қайтып, әдил ҳәм туўры ис-
лерди қылса, ол өз өмирин сақлап
қалады. 28 Ол өзи ислеген барлық
қылмысларына көз жиберип, олар
ушын тәўбе қылғаны себепли жа-
сайды, өлмейди. 29 Сондай болса
да, Израил халқы: „Ийениң жолы
туўры емес“, – дейди. Мениң жо-
лым натуўры ма, Израил халқы?
Натуўры жол сизлердики емес пе?
30 Буның ушын, Израил халқы, сиз-
лердиң ҳәр бириңизди өз жоллары-
ңызға бола ҳүким етемен, – дейди
Қудай Ийе. – Тәўбе қылың, барлық
гүналарыңыздан қайтың, қылмыс-
ларыңыз сизлерди набыт қылмасын.
31 Ислеген барлық гүналарыңыз-
дан жүз бурып, өзлериңизге жаңа

жүрек ҳәм жаңа руўх алың. Израил
халқы, сизлерге өлиўдиң не кере-
ги бар? 32 Мен ҳеш кимниң өлимин
қәлемеймен, – дейди Қудай Ийе. –
Жаман жолдан қайтың ҳәм жасаң!»

### Израил ҳүкимдарлары ушын жоқлаў

19 1 – Сен Израил ҳүкимдар-
лары ушын жоқлаў айтып,
2 былай де:

«Сениң анаң қандай арыслан
едиʔ!
Ол арысланлар арасына
орналасты,
Жыртқыш арысланлар
арасында балаларын
өсирди.
3 Балаларынан бири күшли
арыслан болып жетилисти,
Ол аў қылыўды үйренди,
Адамларды жей баслады.
4 Миллетлер ол туўралы еситти,
Арысланды шуқырға түсирди,
Шынжырлап, Мысыр жерине
алып барды.
5 Анасы күте-күте, үмитин үзди,
Балаларынан басқа биреўин
алып,
Оны күшли арыслан қылып
өсирди.
6 Ол күшли арысланға айланып,
Арысланлар арасында гезип
жүрди,
Аў қылыўды үйренди,
Адамларды жей баслады.
7 Олардың қорғанларын бузды,
Қалаларын ўайран қылды.
Жер ҳәм онда жасаўшылар,
Оның ақырыўынан титиреди.
8 Дөгеректеги ўәлаятлардағы
миллетлер,
Оған қарсы ҳүжим қылды.
Үстине тор таслады,
Арыслан олардың шуқырына
түсти.
9 Шынжырлап, оны қәпеске
салды,
Бабилония патшасына алып
барды,
Оны қамаққа таслады.
Израил таўларының үстинде,
Қайтып еситилмесин, деп оның
даўысы.

10 Сениң анаң суўлардың бойына
егилген,
Бағдағы жүзим ағашына уқсар
еди.
Суўлардың молшылығынан,
Ол өнимдар ҳәм мол шақалы
еди.
11 Ҳүкимдарға ҳаса болғандай,
Күшли шақалары бар еди.
Қалың жапырақлар арасында,
Тик бойы бәлент көтерилди.
Бәлентлиги ҳәм мол шақалары
менен,
Көзге тасланып турар еди.
12 Бирақ ғәзеп пенен,
Ол суўырылып жерге урылды.
Шығыс самалы мийўелерин
солытты,
Күшли шақалары сынып
қуўрады,
Ҳәммесин от жалмап таслады.
13 Ол енди шөлге,
Қурғақ ҳәм суўсыз жерге
көширилди.
14 Оның тик шақасынан жалын
шығып,
Солқымларын күйдирип
жиберди.
Ҳүкимдарлық ҳасасы ушын
беккем шақасы қалмады».

Бул жоқлаў қосығы болып, жоқ-
лаў ушын қолланылады.

### Бийопа Израил

**20** 1 Сүргин болған ўақтымыз-
дың жетинши жылының
бесинши айының оныншы күни Из-
раил ақсақалларынан айырымлары
Жаратқан Ийеден мәсләҳәт сораў
ушын мениң алдыма келди. 2 Маған
Жаратқан Ийеден сөз түсти:
3 – Инсан улы! Израил ақсақал-
лары менен сөйлесип, оларға айт:
«Қудай Ийе былай дейди: Сиз-
лер Меннен мәсләҳәт сораў ушын
келдиңиз бе? Тирилигим ҳақы ант
ишип айтаман: сизлерге ҳеш қан-
дай мәсләҳәт бермеймен, – дейди
Қудай Ийе».
4 Оларды ҳүким қыл! Оларды ҳү-
ким қыл, инсан улы! Оларға ата-ба-
баларының жеркенишли ислерин
айтып бер. 5 Оларға айт: «Қудай
Ийе былай дейди: Мен Израилды
таңлаған күним, Яқыптың урпақ-
ларына ант ишкенмен ҳәм Мы-
сырда Өзимди танытқанман. Мен
оларға ант ишип: „Мен Қудайыңыз
Жаратқан Ийе боламан“, – деген-
мен. 6 Сол күни Мен оларға, өз-
лерин Мысырдан шығарып, олар
ушын гөзлеген жер бетиндеги ең
әжайып үлкеге, сүт ҳәм пал ағып
турған жерге алып баратуғыным-
ды айтып ант берген едим. 7 Олар-
ға: „Ҳәр бир адам өзи кеўил берген
жеркенишли мүсинлерин ылақты-
рып тасласын, Мысыр бутлары ме-
нен өзлерин ҳарамламасын. Мен
Қудайыңыз Жаратқан Ийемен“, –
деген едим.
8 Бирақ олар Маған қарсы бас кө-
терди ҳәм Мени тыңламады. Кеўил
қойған жеркенишли мүсинлерин
ылақтырып тасламады ҳәм Мысыр
бутларынан жүз бурмады. Сонда
Мен Мысырда-ақ қәҳәримди тө-
гип, ғәзебимди толық шашпақшы
болдым. 9 Бирақ олар арасында жа-
саған миллетлер алдында атыма
дақ түсирмеў ушын, Өз атым ҳүр-
мети ушын ҳәрекет еттим. Мен ол
миллетлердиң көзиниң алдында
израиллыларды Мысырдан алып
шығып, Өзимди оларға таныттым.
10 Мен оларды Мысырдан шығарып,
шөлге алып келдим. 11 Өз қағый-
даларымды бердим ҳәм нызамла-
рымды жәрияладым. Оларға әмел
қылған ҳәр бир адам олар арқалы
жасайды. 12 Және, өзлерин мухад-
дес қылатуғын Мен, Жаратқан Ийе
екенимди билсин деп, Өзим ҳәм
олар арасындағы белги ретинде
Шаббатымды бердим.
13 Деген менен, Израил халқы
шөлде де Маған қарсы шықты. Ме-
ниң қағыйдаларыма әмел қылма-
ды, нызамларымды менсинбеди.
Усыларды орынлаған адам олар
арқалы аман қалатуғын еди. Олар
Шаббатымды да толық хорлады.
Сонда Мен олардың үстине ғәзе-
бимди төгип, шөлде оларды қы-
рып жибермекши болдым. 14 Бирақ
Израилды Мысырдан алып шық-
қанымды көрген миллетлер ал-
дында атыма дақ түспесин деп, Өз
атым ҳүрмети ушын ҳәрекет еттим.
15 Оларды өзлерине бермекши бол-
ған жер бетиндеги ең әжайып үлке-
ге, сүт ҳәм пал ағып турған жерге
алып бармайтуғынымды айтып,
шөлде ант иштим. 16 Себеби олар
Мениң нызамларымды менсинбе-
ди, қағыйдаларыма әмел қылмады

ҳәм Шаббатымды хорлады. Олар-
дың жүреги бутларға берилген еди.
17 Деген менен, оларды қырып жи-
бериўге көзим қыймады ҳәм Мен
оларды шөлде жоқ қылмадым.

18 Мен шөлде олардың балала-
рына былай дедим: „Аталары-
ңыздың үрп-әдетлери бойынша
жүрмең, олардың бутлары менен
өзлериңизди ҳарамламаң. 19 Мен
сизлердиң Қудайыңыз Жаратқан
Ийемен. Мениң қағыйдаларыма
әмел қылың ҳәм нызамларымды
муқыятлы түрде орынлаң. 20 Шаб-
батымды мухаддес тутың. Қудайы-
ңыз Жаратқан Ийе Мен екенимди
билиўиңиз ушын, олар бизлердиң
арамызда белги болады“.

21 Бирақ балалары да Маған
қарсы бас көтерди. Мениң қағый-
даларыма әмел қылмады, нызамла-
рымды орынлаўға ҳәрекет етпеди.
Адам оларды орынлаўы арқалы
аман қалатуғын болса да, оларды
орынламады, Шаббатымды хор-
лады. Сонда Мен шөлде оларға
ғәзебимди төгип, қәҳәримди то-
лық шашпақшы болдым. 22 Солай
болса да, Израилды Мысырдан
алып шыққанымды көрген мил-
летлер алдында атыма дақ түспе-
син деп, қолымды тарттым ҳәм Өз
атым ҳүрмети ушын ҳәрекет еттим.
23 Және де, шөлде оларды миллет-
лер арасына тарқатып, ел бойлап
шашып жиберемен деп ант иштим.
24 Себеби олар Мениң нызамла-
рымды орынламады, қағыйдала-
рымды менсинбеди, Шаббатымды
хорлады ҳәм ата-бабаларының
бутларына құштарлана көз тикти.
25 Сонлықтан Мен оларды жақсы
болмаған қағыйдалардың ҳәм адам
орынлағаны менен аман қалмай-
туғын нызамлардың бийлигине
тапсырдым. 26 Оларды қорқытыў
ушын ҳәм олар Мениң Қудай Ийе
екенимди билиўи ушын, өзлери
берген сыйлар, яғный қарыннан
биринши шыққан ҳәр бир перзен-
тин отта жағып, қурбанлық келти-
риўи арқалы оларды ҳарамладым».

27 Солай екен, инсан улы, Изра-
ил халқы менен сөйлесип, олар-
ға айт: «Қудай Ийе былай дейди:
Ата-бабаларыңыз және опасызлық
қылды ҳәм бул арқалы Маған тил
тийгизди. 28 Мен беремен деп ант
ишкен жериме оларды алып бар-
ғанымда, олар көрген ҳәр бир би-
йик төбешикте ҳәм ҳәр бир қойыў
жапырақлы теректиң астында өз
қурбанлықларын шалды. Ол жер-
де Мениң ғәзебимди келтиретуғын
садақаларды берди, хош ийисли
түтеткилерди түтетти ҳәм ишим-
лик садақаларын қуйды. 29 Сонда
Мен олардан: „Сизлер барып атыр-
ған бул қандай сыйыныў орны?“ –
деп сорадым».

Сонлықтан сондай орынлар бү-
гинги күнге дейин «сыйыныў ор-
ны[a]» деп аталады.

30 Солай екен, Израил халқына
Қудай Ийе былай дейди деп айт:
«Сизлер де ата-бабаларыңызға
еликлеп, өзлериңизди ҳарамламақ-
шымысыз? Олардың жеркенишли
мүсинлери менен бузықшылық
қылмақшымысыз? 31 Усы күнге де-
йин, сизлер балаларыңызды отта
жағып, қурбанлық қылып усыныў

---

a **20:29** *Сыйыныў орны* – еврей тилинде «барыў» сөзи менен үнлес келеди.

арқалы, пүткил бутларыңыз бенен
өзлериңизди ҳарамлап киятырсыз.
Солай ислей отырып, Израил хал-
қы, Меннен мәсләҳәт сорамақшы-
мысыз? Тирилигим ҳақы ант ишип
айтаман: сизлерге ҳеш қандай мәс-
ләҳәт бермеймен, – дейди Қудай
Ийе. 32 – Сизлер: „Бизлер де басқа
миллетлер, басқа жерлердеги қә-
ўимлер сыяқлы, ағаш ҳәм тасларға
сыйынайық“, – дейсиз. Бирақ ойы-
ңызға келген бул ислериңиз әмелге
аспайды. 33 Мен, Қудай Ийе тири-
лигим ҳақы ант ишип айтаман:
күшли билегим, созылған қолым
ҳәм лаўлаған ғәзебим менен үсти-
ңизден патшалық қыламан. 34 Күш-
ли билегим, созылған қолым ҳәм
лаўлаған ғәзебим менен сизлер-
ди халықлардың арасынан шыға-
рып, тарқап кеткен жерлериңизден
жыйнап аламан. 35 Кейин сизлерди
халықлардың шөл даласына алып
барып, сол жерде жүзбе-жүз ҳүким
шығараман. 36 Мысыр жериндеги
шөлде ата-бабаларыңызға қандай
ҳүким шығарған болсам, сизлер-
ге де сондай ҳүким шығараман, –
дейди Қудай Ийе. 37 – Сизлерди
ҳаса таяғым менен барлап шығып,
келисимиме бойсыныўға мәжбүр
етемен. 38 Қозғалаңшыларды ҳәм
Маған бойсынбайтуғынларды сиз-
лерден айыраман. Оларды сүргинде
болған елден алып шыққаным ме-
нен, олар Израил жерине кирмей-
ди. Сонда Мениң Жаратқан Ийе
екенимди билип аласыз.

39 Сизлер туўралы, Израил хал-
қы, Қудай Ийе былай дейди: Егер
Маған қулақ салмайтуғын болса-
ңыз, онда ҳәр бириңиз өз бутлары-
ңызға хызмет ете бериңлер. Бирақ
сыйларыңыз ҳәм бутларыңыз арқа-
лы Мениң мухаддес атыма артық-
дақ түсирмеңлер. 40 Енди Мухад-
дес таўымда, Израилдың бийик
таўында, – дейди Қудай Ийе, – сол
жерде қанша Израил халқы бол-
са, ҳәммеси Маған хызмет етеди.
Сол жерде Мен оларды ыразылық
пенен қабыл етемен. Барлық му-
хаддес затларыңыз бенен бирге са-
дақаларыңызды ҳәм өнимиңиздиң
биринши бөleklерин сол жерде та-
лап етемен. 41 Сизлерди халықлар-
дың арасынан алып шығып, тарап
кеткен жерлериңизден жыйнап ал-
ғанымда, сизлерди хош ийисли тү-
тетки сыпатында қабыл етемен ҳәм
миллетлердиң көзлериниң алдын-
да Өз мухаддеслигимди аян етемен.
42 Сизлерди ата-бабаларыңызға бе-
ремен деп ант ишкен жериме, Изра-
ил жерине алып келгенимде, Мениң
Жаратқан Ийе екенимди билип ала-
сыз. 43 Сол жерде өзлериңизди ҳа-
рамлаған жолларыңызды, ислеген
жаўыз ислериңизди есиңизге ала-
сыз ҳәм ислеген барлық жаўызлық-
ларыңыз себепли өзиңизден өзиңиз
тиксинесиз. 44 Израил халқы, Мен
сизлердиң тутқан жаман жолла-
рыңызға ҳәм жарамас ислериңиз-
ге қарай емес, ал Өз атым ҳүрмети
ушын ҳәрекет еткенимде, Сизлер
Мениң Жаратқан Ийе екенимди
билип аласыз, – дейди Қудай Ийе».

**Қубладағы өрт**

45 Маған Жаратқан Ийеден сөз
түсти:
46 – Инсан улы, жүзиңди қубла-
ға қаратып, қублаға ўаз айт ҳәм
сол жердеги тоғайға қарсы пай-
ғамбаршылық қыл. 47 Қубладағы

тоғайға былай деп айт: «Жаратқан
Ийениң сөзин тыңла! Қудай Ийе
былай дейди: Мен ишинде от ту-
тандыраман, ол сендеги барлық
ағашларды, жасылын да, қуўраға-
нын да жоқ қылады. Лаўлаған от
өшпейди, қубладан арқаға шекемги
барлық жерлер жанып күйдириле-
ди. 48 Пүткил инсан улы бул отты
Жаратқан Ийениң, Мениң жаққа-
нымды көреди, от өшпейди».
49 Сонда мен:
– Ах, Қудай Ийе! Бул адамлар мен
туўралы: «Бул адам қуры тымсал
айтып жүрген жоқ па?» – деп айт-
пақта, – дедим.

### Жаратқан Ийениң қылышы

**21** 1 Маған Жаратқан Ийеден
сөз түсти:
2 – Инсан улы, жүзиңди Еруса-
лимге қаратып, мухаддес орынла-
рына қарсы ўаз айт. Израил жерине
қарсы пайғамбаршылық қылып,
3 оған айт: «Жаратқан Ийе былай
дейди: Мен саған қарсыман, қылы-
шымды қынынан шығарып, сенде-
ги жақсыны да, жаманды да қырып
таслайман. 4 Жақсыны да, жаман-
ды да, қубладан арқаға шекемги
барлық тири жанды қырып тас-
лаў ушын қылышымды қынынан
шығардым. 5 Сонда пүткил адам-
зат қылышын қынынан шығарған
бул Мен, Жаратқан Ийе екенимди
билип алады. Енди қылышымды
қынына салмайман».
6 Сен, инсан улы, зар еңире, олар-
дың көзиниң алдында белиң қа-
йысып, жүрегиң езилип, нала шек.
7 Сеннен: «Неге нала шегип атыр-
саң?» – деп сораса, оларға: «Кел-
ген жаман хабар себепли қайғыға
батып атырман», – деп жуўап бер.
Ол жүзеге асқанда, ҳәммениң жүре-
ги езиледи, қолларында мәдет қал-
майды, руўхы түседи, дизелериниң
мәдары қурыйды. Бул келеди ҳәм
жүзеге асады, – дейди Қудай Ийе.
8 Маған Жаратқан Ийеден сөз
түсти:
9 – Инсан улы, пайғамбаршылық
ет ҳәм Ийе былай дейди деп айт:

«Қылыш, қылыш!
Ол шарланды ҳәм
жылтыратылды!
10 Баўызлаў ушын шарланды,
Шақмақтай жалтылдаў ушын
жылтыратылды.
Қалай қуўанайық, ҳәй
улымның патшалық
ҳасасы,
Қылыш ҳәр қандай ағашты
писент етпейди.
11 Қылыш қолға усланыў ушын
жылтыратыўға берилди,
Қанхордың қолына берилиў
ушын,
Шарланды, жылтыратылды.
12 Инсан улы, дад салып, пәрияд
қыл,
Қылыш Мениң халқыма,
Израилдың барлық
ҳүкимдарларына
жүзленген.
Мениң халқым менен бирге,
Израил ҳүкимдарлары да
қылыштан өткериледи.
Енди санyңа урып, жыла.

13 Сынаў ўақты сөзсиз келеди.
Қылыш патшалық ҳасасын мен-
синбесе, не болады? Патшалық
ҳасасының күни питеди, – дейди
Қудай Ийе».

14 – Сен, инсан улы,
пайғамбаршылық қыл,
Ашыў менен алақаныңды
алақаныңа ур.
Қылыш еки рет, үш рет шапсын.
Бул қылыш өлтириў ушын,
Уллы қырғын ушын арналған.
Қылыш оларды ҳәр тәрептен
қысып келмекте.
15 Рууўхлары түссин,
Қаза тапқанлар көбейсин деп,
Мен барлық дәрўазалардың
алдына,
Қорқынышлы қылышымды
қойдым.
О-ҳо, қылыш шақмақ киби
жалтылдады,
Қырыў ушын қынынан
шығарылды.
16 Оңға ур, шепке шап,
Жүзиңниң қараған жағына ур.
17 Мен де алақанымды алақаныма
ураман,
Ғәзебимди усылай басаман.
Буны Мен, Жаратқан Ийе
айтып турман.

18 Маған Жаратқан Ийеден сөз
түсти:
19 – Инсан улы, Бабилония пат-
шасының қылышы келетуғын еки
жолдың сүўретин сыз, екеўи де
бир жерден шықсын. Еки қала-
ға баратуғын жолдың басланған
жерине бир белги қой. 20 Қылыш-
тың аммонлардың Рабба қаласы-
на ҳәм Яҳудадағы қоршаўлы қала
Ерусалимге баратуғын жолын сы-
зып белгиле. 21 Себеби Бабилония
патшасы жолдың екиге айырыл-
ған жеринде турып, пал ашады.
Ол оқларды силкитеди, кийели
мүсинлерден сорайды, қурбанлық
қылынған маллардың баўырына
қарап жорыйды. 22 Оның оң қолын-
да Ерусалимди көрсетип турған пал
бар. Ол жерге дийўалларды тесету-
ғын қураллар орнатыў, өлим буй-
рығын бериў, урыс сүренин салыў,
дәрўазаны бузатуғын қуралларды
қойыў, дийўалға топырақ үйиў, қа-
мал минараларын қурыў кереги ай-
тылады. 23 Бабилония патшасына
ант ишип, келисим дүзген Еруса-
лим халқының нәзеринде бул пал
өтирик болып түйиледи. Бирақ
Бабилония патшасы олардың айы-
бын еслетип, оларды қолға алмақ-
шы болады.
24 Сонлықтан Қудай Ийе былай
дейди: «Сизлер ашық жынаят қы-
лып, қылмысларыңызды еслеттиңиз.
Қылған ҳәр бир исиңизде гүналары-
ңызды әшкара қылып, өзлериңиз
буны еске салдыңыз. Соның ушын
сизлер қолға түсесиз. 25 Сен, Израил-
дың напәк, жаўыз ҳүкимдары, соң-
ғы күниң жақынласты, ақырғы жаза
күниң жетип келди!
26 Қудай Ийе былай дейди: Сәл-
леңди шеш, тажыңды алып тасла.
Енди бул булай болмайды. Хорлан-
ған адам жоқарылайды, жоқары-
дағы адам хорланады. 27 Қырғын!
Қырғын! Қалаға қырғын тийгизе-
мен! Бирақ бул узақ даўам етпейди.
Ҳүким шығарыўшы келеди. Оған
ҳүким етиўди тапсыраман».
28 – Сен, инсан улы, пайғамбар-
шылық қыл, Израилды мазақ қыл-
ған аммон халқы туўралы Қудай
Ийе былай дейди деп айт:

«Қылыш! Қылыш!
Баўызлаў ушын қыннан
шығарылды,

Жутыў ҳәм шақмақтай
жалтылдаў ушын
жылтыратылды.
29 Аммон халқының қылыш
туўралы көрген аянлары
жалған,
Аштырған паллары өтирик.
Қылыш напәк жаўызлардың
мойнын шабады.
Олардың соңғы күни келди,
Ақырғы жаза ўақты жетти.

30 Қылышты қынына сал!
Жаратылған жеринде,
Туўылған мәканыңда,
Мен саған ҳүким шығараман.
31 Үстиңе қәҳәримди төгип,
Ғәзеп отымды үплеймен.
Сени өлтириўге шебер,
Жаўыз адамлардың қолына
беремен.
32 Сен отқа жем боласаң,
Қаның жерге төгиледи.
Сен ҳеш қашан еске
алынбайсаң.
Буны Мен, Жаратқан Ийе
айтып турман».

### Ерусалимниң гүнасы

22 1 Маған Жаратқан Ийеден
сөз түсти:
2 – Сен, инсан улы, ҳүким қыл,
қанхор қаланы ҳүким қыл! Оның
ислеген жеркенишли ислерин ай-
тып бер. 3 Оған Қудай Ийе былай
дейди деп айт: «Ҳәй, өз ишиңде
қан төгип, жаза күнин жақынлат-
қан қала! Сен бутлар соғып, өзиңди
ҳарамладың! 4 Төккен қаның ме-
нен айыплы болдың, соққан бутла-
рың менен ҳарамландың. Күнлериң
жақынласты, жылларың пааны-
на жетти. Соның ушын Мен сени
миллетлердиң мазақлаўына, пүт-
кил еллердиң үстиңнен күлиўине
жол қояман. 5 Жаман ат шығар-
ған, ғаўғаға толған қала, жақын-
дағылар да, алыстағылар да сени
мазақлайды.
6 Мине, ишиңде жасап атырған
ҳәр бир Израил ҳүкимдары өз ҳә-
мелинен пайдаланып, қан төгеди.
7 Қалада ата-анасын менсинбейди,
келгиндини езеди, жетим ҳәм же-
сирге зулымлық қылады. 8 Сен Ме-
ниң мухаддес нәрселеримди ҳүрмет
етпедиң, Шаббатыма бийпәрўа
болдың. 9 Араңызда жала жаўып,
қан төгетуғынлар, төбешиклер-
де бутларға арналған қурбанлық
мәресимине қатнасатуғынлар ҳәм
уятсыз қылықларды қылатуғынлар
бар. 10 Араңызда әкесиниң ҳаялы
менен жататуғынлар, етек кири
келип жүрген ҳаялды зорлайту-
ғынлар бар. 11 Биреўи қоңсысының
ҳаялы менен жеркенишли ис қылса,
басқасы шерменделерше келинин
ҳарамлайды, басқасы туўысқан
қарындасының намысына тийеди.
12 Сендеги адамлар қан төгиў ушын
пара алады. Сен өсим ҳәм үстеме
аласаң, зорлық пенен жақының-
ның мал-мүлкин тартып аласаң,
ал Мени болса, умыттың, – дейди
Қудай Ийе.
13 Минекей, ҳарам пайдаң ҳәм
ишиңде қан төккениң ушын Мен
ашыў менен алақанымды алақа-
ныма ураман. 14 Мен саған қарсы
ҳәрекетке кирген күни жүрегиң даў
берип, қолыңда күшиң қалар ма
екен? Буны Мен, Жаратқан Ийе ай-
таман ҳәм жүзеге асыраман. 15 Мен
сени миллетлер арасына тарқатып,
ел бойлап шашып жиберемен ҳәм

араңыздағы ҳарам ислерге шек қоя-
ман. [16] Халықлардың көз алдында
хор болғанында, Мениң Жаратқан
Ийе екенимди билип аласаң».
[17] Маған Жаратқан Ийеден сөз
түсти:
[18] – Инсан улы, Израил халқы
Мен ушын ғаўажақтай қәдирсиз
болып қалды. Олардың ҳәммеси –
ошақтағы мыс, қалайы, темир ҳәм
қорғасын. Олар гүмистен қалған
ғаўажаққа айланды.
[19] Сонлықтан Қудай Ийе былай
дейди: «Ҳәммеңиз ғаўажаққа ай-
ланғаныңыз ушын, Мен сизлерди
Ерусалимге жыйнайман. [20] Отты
алыстырып, гүмисти, мысты, те-
мирди, қорғасынды ҳәм қалайыны
еритиў ушын ошаққа салғанын-
дай, Мен де қәҳәр-ғәзебим менен
сизлерди жыйнайман, ҳәммеңиз-
ди салып, еритемен. [21] Сизлерди
жыйнап, ғәзеп отымды үстиңизге
үплеймен ҳәм қала ишинде ерип
кетесиз. [22] Гүмистиң ошақта ери-
гениндей, сизлер де қала ишинде
ерийсиз. Сонда ғәзеп отын үсти-
ңизге төккен Мен – Жаратқан Ийе
екенимди билип аласыз».
[23] Маған Жаратқан Ийеден сөз
түсти:
[24] – Инсан улы, елге: «Сен таза-
ланбаған жерсең. Ғәзеп күни жаўын
менен суўғарылмағансаң», – деп
айт. [25] Оның ишиндеги ҳүкимдар-
лары* ырылдап, олжасын тилким-
леп атырған арысланға уқсайды.
Олар адамларды жейди, мүлик
ҳәм байлықларды тартып алады,
жесирлердиң санын көбейтеди.
[26] Оның руўханийлери нызамым-
ды бузады, мухаддес затларымды
ҳарамлайды. Мухаддес зат пенен
ҳарам затты парықламайды. Ҳадал
менен ҳарамның айырмашылы-
ғын түсиндирмейди. Шаббатыма
көз жумады, Мен олардың арасын-
да хорланып атырман. [27] Олардың
ҳәмелдарлары олжасын тилким-
леп атырған қасқырға уқсайды.
Байлық арттырыў ушын қан тө-
геди, адамлардың жанын алады.
[28] Ал пайғамбарлары болса олар-
дың қылмысларын ҳәк пенен ақ-
лайды. Өтириктен аянлар көрип,
Жаратқан Ийе солай айтпаса да:
«Қудай Ийе усылай айтады», – деп
жалған болжаўлар айтады. [29] Елдиң
халқы бирин бири езеди, тонайды,
жарлы ҳәм кәмбағалға зулымлық
қылады, келгиндини наҳақ жә-
бирлейди.
[30] Елди жоқ қылмаўым ушын,
дийўалдың бузылған жерлерин
дүзететуғын, оның бузылған же-
рине қалқан болып, сол жер ушын
Мениң алдымда туратуғын биреў-
ди изледим, бирақ таба алмадым.
[31] Солай етип, Мен оларға қәҳә-
римди төгемен, ғәзеп отым менен
жоқ қыламан ҳәм қылған қылмыс-
ларына жараса жазасын беремен, –
дейди Қудай Ийе.

### Опасыз апа-сиңлилер

**23** [1] Маған Жаратқан Ийеден
сөз түсти:
[2] – Инсан улы! Бир анадан ту-
ўылған еки қыз бар еди. [3] Олар
жаслық шағынан-ақ бузық жол-
ға түсип, Мысырда бузықшылық
қылды. Сол жерде олардың көки-
реги сыйпаланып, қызлық емшек-
лери аймаланды. [4] Үлкениниң аты
Оҳола, кишкенесиниң аты Оҳоли-
ба еди. Олар Меники болды, ул

ҳәм қызлар туўды. Оҳола – Са-
марияны, Оҳолиба – Ерусалимди
билдиреди. 5 Оҳола Меники бола
тура, бузықшылық етип, ойнасла-
ры болған ассириялылардың ыш-
қында жанды. 6 Булар қызғыш көк
реңли липас кийген жаўынгерлер,
ҳәкимлер ҳәм лаўазымлы адам-
лар болып, ҳәммеси саўлатлы жи-
гитлер ҳәм атқа минген әскерлер
еди. 7 Оҳола Ассирияның көрнек-
ли адамлары менен бузықшылық
қылды ҳәм өзи ышқында жанған-
лардың бутлары менен өзин ҳа-
рамлады. 8 Ол Мысырда баслаған
бузықшылығын тасламады. Жас-
лығында-ақ еркеклер оның ме-
нен жатып, қызлық емшеклерин
аймалап, қумарларын қандыр-
ған еди. 9 Сонлықтан Мен оны
өзи ышқында жанған ойнаслары-
ның қолына, ассириялылардың
қолына бердим. 10 Олар Оҳола-
ны тырдай жалаңаш қылып ше-
шиндирди, ул-қызларын тутқын
қылып алып, өзин қылыш пенен
өлтирди. Оған усындай ҳүким
шығарылды ҳәм ол ҳаяллар ара-
сында шерменде болды.

11 Оҳоланың сиңлиси Оҳолиба
буны көрсе де, қумарлығы ҳәм бу-
зықшылығы менен әжапасынан да
асып түсти. 12 Ол да ассириялылар-
дың ҳәкимлери менен лаўазымлы
адамларының, безенип кийинген
жаўынгерлери менен атлы әскер-
лериниң, барлық саўлатлы жигит-
лериниң ышқында жанды. 13 Мен
оның да өзин ҳарамлағанын көрдим.
Олардың екеўиниң де жолы бир еди.
14 Оҳолиба бузықшылығын арттыр-
ды. Ол қызыл рең менен дийўалға
сызылған калдейли еркеклердиң
сүўретин көрди. 15 Олардың бел-
леринде қайыс, басларында жел-
биреген сәллелери болып, ҳәммеси
калдейлердиң жеринде туўылған
бабилониялы ләшкербасыларға
уқсайтуғын еди. 16 Оларды көриў-
ден, Оҳолибаның ышқы кетти ҳәм
калдейлердиң жерине шабарман-
лар жоллады. 17 Бабилониялылар
оның жанына, ышқы төсегине кел-
ди ҳәм бузықшылық қылып, оны
ҳарамлады. Оҳолиба ҳарамлан-
ғаннан кейин, олардан жеркениш
пенен жүз бурды. 18 Ол ашық түрде
бузықшылыққа берилип, жалаңаш
денесин көрсеткенде, оның әжапа-
сынан жеркенип жүз бурғанымдай,
оннан да жеркенип, жүз бурдым.
19 Деген менен, ол Мысырда бу-
зықшылық қылған жаслығын ес-
леп, және де көбирек бузықшылық
қыла баслады. 20 Ол жынысый ағ-
залары ешектикиндей, урығы ай-
ғырдикиндей болған ойнасларына
ынтықты. 21 Солай етип, сен мы-
сырлылар емшеклериңди айма-
лап, көкиреклериңди сыйпалаған
жаслығыңдағы уятсыз қылықла-
рыңды сағындың.

22 Сонлықтан, Оҳолиба, Қудай
Ийе былай дейди: «Мен өзиң жер-
кенип жүз бурған ойнасларыңды
өзиңе қарсы қозғайман, оларды
ҳәмме жақтан жыйнап алып келе-
мен. 23 Бабилониялыларды, бар-
лық калдейлерди, пекод, шоа ҳәм
қоа урыўларының адамларын, олар
менен бирге барлық ассириялы-
лардың саўлатлы жигитлерин, ҳә-
кимлерин, лаўазымлы адамларын,
ләшкербасыларын ҳәм жаўынгер-
лерин – барлық атқа минерлерин
алып келемен.

24 Олар қураллар, саўаш ҳәм жүк
арбалар, көплеген халықлар ме-
нен келип, сени жән-жақтан үлкен-
киши қалқан ҳәм дуўлыға менен
қоршаўға алады. Мен оларға сени
ҳүким қылыў ықтыярын беремен,
олар өзиниң әдет-дәстүрлери бо-
йынша ҳүким қылады. 25 Мен саған
қарсы қызғанышымды қозғайман.
Олар сени реҳимсиз жазалайды.
Қулақ ҳәм мурныңды кесип тас-
лайды, аман қалғанлар қылыштан
өткериледи. Улларыңды ҳәм қыз-
ларыңды тутқынға алады, аман
қалғанларды от жандырып жоқ
қылады. 26 Үстиңдеги кийимле-
риңди шешип алып, қымбатбаҳа
тағыншақларыңды алады. 27 Мен
сениң Мысырдан алып келген аз-
ғынлығың менен уятсыз қылығыңа
шек қояман. Енди оларға көз сал-
майтуғын ҳәм Мысырды еске ал-
майтуғын боласаң.

28 Қудай Ийе былай дейди: Би-
лип қой, Мен сени өзиң жек көр-
ген, кеўлиң жеркенген адамлардың
қолына тапсыраман. 29 Олар саған
аяўсыз қатнас жасайды, мийнет
пенен жыйнағанларыңды алып
кетеди, өзиңди тырдай жалаңаш
қалдырады. Усылайынша сениң
уятсыз жалаңашлығың, уятсызлы-
ғың ҳәм бузықшылығың аян бола-
ды. 30 Булар сениң миллетлер менен
бузықшылық ислегениң, олардың
бутлары менен өзиңди ҳарамла-
ғаның себепли жүз береди. 31 Сен
әжапаңның жолынан жүрдиң, сол
себепли оған ишкизген жаза кесем-
нен саған да ишкиземен.

32 Қудай Ийе былай дейди: Сен
әжапаңның шуңгил ҳәм кең ке-
сесинен ишесең. Сениң үстиңнен
күледи, масқара боласаң. Кесеге
жүдә көп кетеди. 33 Сен мәс бола-
саң ҳәм қайғыға батасаң. Бул қыр-
ғын ҳәм ўайраншылық кесеси, бул
әжапаң Самарияның кесеси. 34 Он-
нан ишип, таўысасаң, оны сынды-
рып, көкирегиңди тилкимлейсең.
Буны Мен айтып турман, – дейди
Қудай Ийе.

35 Сонлықтан Қудай Ийе былай
дейди: Сен Мени умытып, Маған
арқаңды қаратқаның ушын, уят-
сызлығыңның ҳәм бузықшылы-
ғыңның жазасын тарт».

36 Жаратқан Ийе маған былай
деди:

– Инсан улы, Оҳола менен Оҳо-
либаны ҳүким қыл! Олардың жер-
кенишли ислерин әшкаралап айт!
37 Олар неке ҳадаллығын бузды,
қоллары қанға былғанған. Олар
бутлар менен бузықшылық қыл-
ды, ҳәтте, Маған туўып берген ба-
лаларын да, бутларға азық қылып,
жандырып усынды. 38 Олар Маған
және мынаны да қылды: сол күни
олар Мениң Мухаддес мәканымды
да ҳарамлады ҳәм Шаббатымды
хорлады. 39 Балаларын бутларға
арнап шалған күни, олар Мениң
Мухаддес мәканыма кирип, оны
ҳарамлады. Олар Мениң Үйимде,
мине, усыларды иследи.

40 Ҳәтте, олар алыс жердеги адам-
ларға шабарманлар жиберди, олар
да келди. Олар келгенде, апа-сиң-
лилер олар ушын жуўыңды, көзле-
рин бояды ҳәм әшекөйлерин тақты.
41 Жайылған толы дастурхан қа-
сындағы сулыў төсекке отырды.
Дастурханға Мениң хош ийисли
түтеткимди ҳәм зәйтүн майым-
ды қойды. 42 Кәйипи-сапа қурып

отырған аламан даўысы еситилип
турды. Шөл даладан келген бул
мәскүнемлер апа-сиңлиниң қолы-
на билезик тақты, басына әжайып
таж кийдирди.
43 Сонда Мен бузықшылық ислеп,
ҳалдан тайған ҳаяллар туўралы
былай дедим: «Еркеклер бул ҳа-
ялларға жезөкшедей қатнас жаса-
сын, себеби олар сондай». 44 Олар
жезөкшениң жанына киргендей,
олар менен жатты. Солай етип, уят-
сыз ҳаяллар Оҳола ҳәм Оҳолибаға
усылай қатнас жасалды. 45 Бирақ
әдил адамлар оларды неке ҳадал-
лығын бузғанлықта ҳәм қанхор-
лықта айыплап, ҳүким шығарды.
Өйткени олар бузық ҳаяллар бо-
лып, қоллары қанға былғанған еди.
46 Қудай Ийе былай дейди: Олар-
ға қарсы аламанды жыйнап алып
келип, олардың ҳүрейлерин ушы-
рып, тонат. 47 Аламан оларды тас
боран қылады, қылышы менен ша-
бады. Балаларын ҳәм қызларын өл-
тиреди, үйлерин жағып жибереди.
48 Усылайынша Мен елдеги уятсыз
ислерге шек қояман, пүткил ҳаял-
лар буннан сабақ алып, сизлерге
еликлемейтуғын болады. 49 Сизлер
уятсыз қылықларыңыз ҳәм бутқа
табынғаныңыз ушын жазаңызды
аласыз. Сонда сизлер Мениң Қудай
Ийе екенимди билесиз.

### Қайнаған қазан

**24** 1 Сүргинде болған ўақты-
мыздың тоғызыншы жы-
лының оныншы айының оныншы
күни Маған Жаратқан Ийеден сөз
түсти:
2 – Инсан улы, усы күнди, бүгин-
ги сәнени жазып қой. Бабилония
патшасы усы бүгин Ерусалимди
қамал қылды. 3 Бул қозғалаңшы
халыққа бир тымсал айтып, Қудай
Ийе былай дейди деп айт: «Қазан-
ды ошаққа қойып, ишине суў қуй.
4 Оған гөштиң жақсы бөleклерин:
жамбас ҳәм жаўырын гөшлерин са-
лып, сайланды жиликлерге толтыр.
5 Гөш сайланды қойдың гөши бол-
сын. Астына отынды үйип салып,
сүйегин жақсылап писир.
6 Қудай Ийе былай дейди: Қан-
хор қала ҳәсирет шегеди! Тат ба-
сып, таты тазаланбаған бул қазан
ҳәсирет шегеди! Шек таслап сайла-
мастан, гөшти бөлек-бөлек қылып
алып, ылақтырың. 7 Қаланың қаны
оның ортасында. Ол қанды кейин
шаң менен бастырылып қалату-
ғын жерге емес, ал жалаңаш жар-
тастың үстине төкти. 8 Өш алыўға
деген ғәзебимди оятыў ушын, Мен
де қанды жартас үстинде қалдыр-
дым, оны жасырып болмайды.
9 Сонлықтан Қудай Ийе былай
дейди: Қанхор қала ҳәсирет ше-
геди! Мен үлкен қылып отын үйе-
мен. 10 Отынды мол етип салып,
отты алыстыр, гөшти қайнат ҳәм
дәм бериўши затларды қос. Сүйек-
лер де күйип күл болсын. 11 Қазан-
ды босат, көмирдиң үстине қойып,
қыздыр. Мыс қызып, ишиндеги
патаслық ерисин ҳәм таты күйип
кетсин. 12 Бирақ барлық мийнетим
босқа кетти, қалың татты еритиў
ушын, ҳәтте, от та жәрдем берме-
ди. 13 Уятсыз қылығың сени ҳа-
рамлады. Сени тазаламақшы бол-
ғанымда, сен тазаланбадың. Сол
себепли үстиңе ғәзебимди толық
төгип болмағанша, тазаланбайсаң.
14 Буны Мен, Жаратқан Ийе айтып

турман. Мениң ҳәрекетке киретуғын ўақтым болды. Мен Өзимди тоқтатпайман, аямайман, рeҳим де қылмайман. Сен өз жолың ҳәм ислериңе гөре ҳүким қылынасаң, – дейди Қудай Ийе».

### Езекиелдиң ҳаялының өлиўи

15 Маған Жаратқан Ийеден сөз түсти:

16 – Инсан улы, мен бир соққы менен сени көзиңе қәдирли болған адамнан жуда қыламан. Бирақ жоқлаў айтпа, жылама, көз жас төкпе.
17 Ишиңнен жыла, марҳум ушын аза тутпа. Сәлleңди ҳәм аяқ кийимиңди шешпе, сақалыңды жаўма, кеўил айтыўға келгенлер әкелген аўқаттан жеме.

18 Азанда мен халық пенен сөйлестим, кеште ҳаялым қайтыс болды. Келеси күни азанда мен өзиме буйырылғанларды орынладым.
19 Сонда адамлар меннен:

– Сен ислеп атырған бул нәрселердиң бизлер ушын қандай мәниси бар? – деп сорады.
20 Мен оларға Жаратқан Ийеден маған мынадай сөз түскенин айттым:

21 «Израил халқына айт, Қудай Ийе былай дейди: Күшиңиздиң мақтанышы, көзиңизге қәдирли ҳәм жаныңыздың арзыўы болған Мухаддес мәканымның ҳарамланыўына жол қояман. Қалдырып кеткен ул ҳәм қызларыңыз қылыштан қырылады.

22 Сонда Езекиел не қылған болса, сизлер де соны қыласыз. Сақалыңызды жаўмайсыз, кеўил айтыўға келгенлер әкелген аўқаттан жемейсиз.
23 Сәлleңиз басыңызда, аяқ кийимиңиз аяғыңызда болады. Жоқлаў айтпайсыз, жыламайсыз. Қылмысларыңыздың зардабынан димарыңыз қурып, бирге нала шегесиз.
24 Езекиел сизлер ушын белги болады. Ол не ислеген болса, сизлер де солай ислейсиз. Булар жүз бергенде, сизлер Мениң Қудай Ийе екенимди билесиз».

25 Буннан кейин Қудай Ийе маған былай деди:

– Саған келсек, инсан улы, Мен олардың қорғанын, салтанатлы шадлығын, көзине қәдирли болған нәрсесин ҳәм жанының арзыўын, сондай-ақ улларын ҳәм қызларын тартып алғанымда,
26 сол күни қашып қутылған бир адам хабарды жеткериў ушын саған келеди.
27 Сонда және тилге кирип, сол адам менен сөйлесесең, артық тилиң тутылмайды[a]. Сен халқым ушын бир белги боласаң, сонда олар Мениң Жаратқан Ийе екенимди билип алады.

### Қоңсы халықларға қарсы пайғамбаршылықлар

# 25

***Аммон***

1 Маған Жаратқан Ийеден сөз түсти:

2 – Инсан улы, жүзиңди аммонларға қаратып, оларға қарсы пайғамбаршылық қыл.
3 Оларға айт: «Қудай Ийениң сөзин тыңлаң! Қудай Ийе былай дейди: Мухаддес мәканым ҳарамланғанда, Израил жери ўайран қылынғанда ҳәм Яхуда халқы тутқынға түскенде, „Ҳай-ҳай“

---

a **24:26-27** 3:26-27; 33:21-22.

деп олардың үстинен күлген еди-
ңиз. 4 Сонлықтан Мен сизлерди
шығыс халықларының ийелигине
беремен. Олар елиңизге орда қу-
рып, шатырларын тигеди, өним-
лериңизди жеп, сүтиңизди ишеди.
5 Рабба қаласын түйелердиң өриси-
не, Аммон елин қойлардың қора-
сына айландыраман. Сонда сизлер
Мениң Жаратқан Ийе екенимди
билип аласыз.
6 Қудай Ийе былай дейди: Сен қол
шаппатлап, аяқ тапырлатып, Из-
раил жерин жек көрип, бахытсыз-
лығына шын жүректен қуўандың.
7 Сонлықтан Мен де саған қарсы
қол көтерип, сени халықларға ол-
жа қылып беремен. Сени халық-
лар арасынан жоқ қыламан, еллер
арасынан қуртып, туқымқурт қы-
ламан. Сонда сен Мениң Жаратқан
Ийе екенимди билип аласаң».

### *Моаб*

8 «Қудай Ийе былай дейди: Мо-
аб пенен Сеир: „Яҳуда халқының
басқа халықлардан артықмашлы-
ғы жоқ“, – деп айтты. 9 Сонлықтан
Моабтың қапталын елдиң мақта-
нышы болған Бейт-Ешимот, Баал-
Меон ҳәм Кирятайым қалаларынан
баслап ашып таслайман. 10 Моабты
аммон халқы менен бирге шығыс
халықларының ийелигине беремен.
Аммон халқы миллетлер арасында
еске алынбайтуғын болады. 11 Мен
Моаб үстинен ҳүким шығараман.
Сонда олар Мениң Жаратқан Ийе
екенимди билип алады».

### *Эдом*

12 «Қудай Ийе былай дейди: Эдом
қаслық пенен Яҳудадан өш алып,
аўыр гүнаға қол урды. 13 Сонлық-
тан Қудай Ийе былай дейди: Эдомға
қарсы қолымды көтеремен, онда-
ғы адамларды ҳәм ҳайўанларды
жоқ қыламан, ал елди шөлге ай-
ландыраман. Теманнан Деданға
шекемги халық қылыштан қыры-
лады. 14 Мен халқым Израилдың
қолы менен Эдомнан өш аламан.
Олар Эдомда Мениң қәҳәр-ғәзебим
менен ҳәрекет етеди. Сонда эдом
халқы Мениң өш алыўымның қан-
дай екенин билип алады, – дейди
Қудай Ийе».

### *Филист*

15 «Қудай Ийе былай дейди: Әй-
йемнен душпанлығы болған фи-
листлер яҳудалылардан өш алыўға
ҳәрекет етти, жүрегиндеги жек кө-
риўшилик себепли оларды жер ме-
нен жексен етип өш алды. 16 Сол
себепли Қудай Ийе былай дейди:
Мине, Мен филистлерге қарсы қо-
лымды көтерип, керетлерди жоқ
қыламан ҳәм олардың теңиз жа-
ғасында қалғанларын қырып жи-
беремен. 17 Ғәзеп пенен жазалап,
олардан қатты өш аламан. Сонда
олар Мениң Жаратқан Ийе еке-
нимди билип алады».

## Тир қаласына қарсы пайғамбаршылық

26 1 Сүргинде болған ўақты-
мыздың он биринши жы-
лы, айдың биринши күни маған
Жаратқан Ийеден сөз түсти:
2 – Инсан улы, Тир Ерусалим туў-
ралы: «Ҳай-ҳай! Халықлардың
дәрўазасы болған қала бузылды.
Мен ушын қапылары ашылды. Ол
ўайран болды, мен болсам, байып

кетемен», – деп атыр. [3] Сонлық-
тан Қудай Ийе былай дейди: «Тир,
Мен саған қарсыман. Мен көплеген
миллетлерди саған қарсы көтере-
мен. Олар теңиз толқынларының
көтерилгени киби саған жапыры-
лып келеди. [4] Олар дийўалларыңды
ўайран қылып, минараларыңды қу-
латады. Мен қаланың топырағын
сыпырып таслап, оны жалаңаш
таслаққа айландыраман. [5] Теңизде-
ги бул жер балықшылар аў жаяту-
ғын жер болады. Буны Мен айтып
турман, – дейди Қудай Ийе. – Тир
қаласы халықларға олжа болады.
[6] Қурғақлықтағы қалаларының
турғынлары қылыштан өткериле-
ди. Сонда олар Мениң Жаратқан
Ийе екенимди билип алады.

[7] Қудай Ийе былай дейди: Мен
патшалар патшасы болған Баби-
лония патшасы Набуходоносорды
Тирге қарсы қозғайман. Ол арқадан
атлар, саўаш арбалары, атлылар
ҳәм топ-топ ләшкерлерин ертип
келеди. [8] Тир, олар қурғақлықта-
ғы қалаларыңның турғынларын
қылыштан өткереди. Қала әтира-
пына қамал минараларын қурады,
қала дийўалына топырақ үйеди,
саған қарсы қалқанлар орнатады.
[9] Дийўал бузатуғын қураллар ме-
нен дийўалларыңды ояды, шөк-
кишлери менен минараларыңды
бузады. [10] Атлардың көплигинен
сени шаң-тозаң қаплайды. Дәр-
ўазаларыңнан киргенде, дийўал-
лары бузылған қалаға бастырып
киргендей, атлылардың, дөңге-
леклердиң ҳәм арбалардың шаў-
қымынан дийўалларың титирейди.
[11] Атларының туяқлары барлық
көшелериңди басқылап таслай-
ды. Адамларың қылыштан қы-
рылады, үлкен кийели тасларың
жер менен жексен болады. [12] Олар
байлығыңды талап, сатылату-
ғын буйымларыңды басып алады.
Дийўалларыңды жығып, саўлатлы
иморатларыңды ўайран қылады,
тасларыңды, ағашларыңды ҳәм то-
пырағыңды теңизге ылақтырады.
[13] Мен қосықларыңның айтылы-
ўына шек қояман, лираларыңның[a]
сести қайтып еситилмейди. [14] Сени
жалаңаш таслаққа айландыраман,
сен аў жаятуғын орын боласаң. Ен-
ди ҳеш қашан қайта тикленбейсең.
Буны Мен, Жаратқан Ийе айтып
турман, – дейди Қудай Ийе.

[15] Қудай Ийе Тир қаласына былай
дейди: Қулаўыңның шаўқымынан,
жарадарлардың ыңқылдысынан,
басыңа түскен қырғыннан атаўлар-
дағы ҳәм жағалаўлардағы халық-
лар титиремей ме? [16] Барлық теңиз
ҳүкимдарлары өз тахтларынан тү-
сип, шапанларын ҳәм кестели ки-
йимлерин шешеди. Қорқынышқа
бүркенип жерге отырады, тоқтаў-
сыз қалтырасып, аўҳалыңды көрип
аң-таң болады. [17] Кейин саған жоқ-
лаў айтып, былай дейди:

„О, теңизшилер жасаған,
Теңизде даңқ таратқан қала,
Қалай набыт болдың!
Сен ҳәм сенде жасағанлар,
Теңизде қүдиретли едиңлер.
Теңиздиң жағасында
жасайтуғынлардың
ҳәммесиниң,

[a] **26:13** *Лира* – бармақ пенен шертилетуғын тарлы саз әсбабы.

Ҳүрейин ушырдың.
18 Сен қулаған күни атаўлар
титиреди,
Теңиз жағасындағылар сениң
набыт болыўыңнан
қорқып қалды".

19 Қудай Ийе былай дейди: Се-
ни адамсыз қалған қалаға уқсатып,
қарабақанаға айландырғанымнан
кейин, туңғыйық суўларын көте-
рип, үлкен суўларды үстиңе бас-
тырғанымнан кейин, 20 сени өлим
шуқырына түскенлер менен бирге
әййемги халықтың жанына түсире-
мен. Туңғыйыққа түскенлер менен
бирге, ески қарабақаналар арасы-
на, жер астындағы дүньяға орна-
ластыраман. Солай етип, саған ҳеш
ким мәкан баспайды ҳәм сен тири-
лер әлеминде ҳүрметке ериспейсең.
21 Мен ақыбетиңди қорқынышлы
лы қыламан, сен жоқ боласаң. Се-
ни излейди, бирақ ҳеш қашан таба
алмайды, – дейди Қудай Ийе».

### Тир ушын жоқлаў айтыў

**27** 1 Маған Жаратқан Ийеден
сөз түсти:
2 – Инсан улы, Тирге арнап жоқ-
лаў айт. 3 Теңиз дәрўазасында мә-
кан басқан ҳәм жағалаўлардағы
халықлар менен саўда-сатық қы-
латуғын Тир қаласына айт: «Қудай
Ийе былай дейди:

Тир, сен: „Мен гөззаллықта
минсизбен", – дедиң.
4 Сениң шегараларың теңиз
қойнында еди.
Қурылысшыларың
гөззаллығыңды
минсизликке ерисирди.
5 Қаптал тахтайларың Сенир
таўындағы сәрўи
ағашларынан,
Тайынланған үлкен кемедей едиң.
Өрелигиңди соғыў ушын,
Лебанонннан кедр ағашын алып
келди.
6 Ескеклериңди Башан
еменлеринен,
Еденлик тахтайларыңды
Киттим жағалаўларындағы
қарағайлардан соғып,
Пилдиң сүйеги менен безеди.
7 Мысырдың нағыслы зығыр
таўары,
Саған желқом қылып қойылды,
Ол сен ушын байрақ болды.
Элиша жағалаўларынан алып
келинген,
Қызғыш көк ҳәм шым қызыл
таўарлар саған саябан
қылынды.
8 Ескекшилериң Сидон ҳәм Арўад
турғынлары еди,
Шебер адамларың, Тир,
Сениң дарғаларың еди.
9 Кемениң жарықларын питеў
ушын,
Гебаллы тәжирийбели адамлар
ҳәм усталар сенде бар еди.
Алды-сатты қылыў ушын,
Теңиздеги барлық кемелер
ҳәм теңизшилер саған
келетуғын еди.
10 Парсылар, Луд ҳәм Пут
адамлары,
Әскер болып хызмет етти.
Қалқан ҳәм дуўлығаларын
саған асып қойып,
Олар сени даңққа ерисирди.
11 Арўад ҳәм Хелехтен келгенлер,
Дийўалларында айланып
турып сақшылық етти.

Гаммадтан келгенлер
минараларында хызмет
етти.
Олар қалқанларын
дийўалларыңа асып қойып,
Көркиңе көрик қосты.

12 Сениң байлығың аса көп бол-
ғанлықтан, Таршиш те сениң менен
саўда-сатық иследи. Олар берген
затларыңның орнына гүмис, те-
мир, қалайы ҳәм қорғасын берди.
13 Яўан, Тубал ҳәм Мешех саўда-
герлери сениң менен саўда иследи.
Олар сен берген затлардың орны-
на қулларды ҳәм қоладан ислен-
ген буйымларды берди. 14 Тогарма
турғынлары сен берген затлардың
орнына ябыларды, әскерий атлар-
ды ҳәм ғашырларды берди. 15 Дедан
халқы да сениң менен саўда-сатық
қылды. Теңиз жағасындағы көп-
леген еллердиң базары сениң қо-
лында еди. Олар пил сүйегин ҳәм
эбон терегин саған төлем қылып
беретуғын еди. 16 Затларыңның
көплиги себепли, Арам да сениң
менен саўда-сатық қылды. Олар
сениң затларыңның орнына пе-
риўза таслар, шым қызыл гезле-
мелер, нағыслы кийимлер, ҳасыл
зығыр таўарлар, маржан ҳәм рубин
берди. 17 Яҳуда менен Израил да
сениң менен саўда-сатық қылды.
Олар сениң буйымларыңның ор-
нына Минниттен алып келинген
бийдай, сондай-ақ мазалы затлар,
пал, зәйтүн майын ҳәм мәлҳәм бер-
ди. 18 Сениң затларыңның көпли-
ги ҳәм шексиз байлығың себепли,
Дамаск Хелбоннан шарап ҳәм За-
хардан жүн алып келип, сениң ме-
нен саўда-сатық қылды. 19 Узалдан
келген Ўедан ҳәм Яўан халықлары
сеннен затлар сатып алып, олар-
дың орнына ислеў берилген темир,
кассия ҳәм хош ийисли қамыс бе-
ретуғын еди. 20 Дедан аттың ерине
жабатуғын қымбатбаҳа гилемлери
менен саўда қылды. 21 Арабстан ҳәм
Кедардың барлық бийлери сениң
қарыйдарларың еди. Олар қозы-
лар, қошқарлар ҳәм ешкилер алып
келип, сениң менен саўда иследи.
22 Шеба менен Рааманың саўда-
герлери сениң менен саўда қылып,
алған затларының орнына ең жақ-
сы хош ийисли затлар, қымбатбаҳа
таслар ҳәм алтын беретуғын еди.
23 Харан, Канне, Эден қалалары,
Шеба, Ашшур ҳәм Килмад саўда-
герлери сениң менен саўда-сатық
қылды. 24 Олар қымбатбаҳа ки-
йимлер, қызғыш көк ҳәм нағыслы
гезлемелер, рәңбәрәң гилемлер ҳәм
жақсылап есилген жиплерди са-
ған сатты. 25 Үлкен саўда кемелери
кәрўанларың болып хызмет етти.

Сен теңиз қойнында аўыр
жүкке толдың.
26 Ескекшилериң сени ашық
теңизге алып шықты.
Шығыс самалы сени теңиз
қойнында қыйратты.

27 Қыйраған күниң, байлығың, зат-
ларың, буйымларың, теңизшилериң,
дарғаларың, жарықларды питеўши-
лериң, саўдагерлериң, әскерлериң
ҳәм кемеде болған ҳәмме адамларың
теңиз түбине ғарқ болады.

28 Дарғаларыңның
қышқырығынан,
Жағадағы дала ләрзеге келеди.

29 Барлық ескекшилер кемелерин
тәрк етеди.
Теңизшилер ҳәм дарғалар
жағаға шығып алады.
30 Олар сен ушын пәрияд қылады,
Дадлап ашшы көз жас төгеди.
Басларына топырақ шашып,
Күлге аўнайды.
31 Шашларын алдырып,
Аза кийимин кийеди.
Сениң ушын жүреклери езилип,
Зар еңиреп, аза тутады.
32 Олар ағыл-тегил болып жылап,
Сен ушын былай деп жоқлаў
айтады:

„Теңиз ортасында қыйраған,
Тир киби басқа қала бар ма?
33 Затларың теңизден шыққанда,
Көп миллетлерди тойдырдың.
Байлығыңның ҳәм алды-
саттыңның көплиги менен,
Жердиң патшаларын байыттың.
34 Ал теңизде қыйрап, суў түбине
шөккениңде,
Буйымларың ҳәм адамларың
сениң менен бирге суўға
ғарқ болды.
35 Атаўларда жасаўшылар сен
туўралы еситкенде,
жанлары түршикти,
Патшаларының зәрреси ушып,
жүзинде қан қалмады.
36 Басқа халықлардың
саўдагерлериниң жаны
түршикти.
Ақыбетиң қорқынышлы болды,
Сен мәңгиге жоқ боласаң“».

### Тир патшасына қарсы пайғамбаршылық

28 1 Маған Жаратқан Ийеден
сөз түсти:
2 – Инсан улы, Тирдиң ҳүкимда-
рына айт: «Қудай Ийе былай дейди:
Сениң көкирегиң көтерилип: „Мен
қудайман, теңиз қойнындағы қу-
дайлардың тахтында отырыппан“, –
дедиң. Өзиң қудай емес, адам бола
тура, өзиңди қудайға тең билесең.
3 Сен Даниелден де дана екенсең-дә,
сеннен жасырын сыр жоқ екен-дә!
4 Даналығың ҳәм ақылың менен
байлық арттырдың ҳәм ғәзийне-
ханаңа алтын менен гүмис жыйна-
дың. 5 Саўда-сатықтағы даналығың
менен байлық арттырдың ҳәм бай-
лығың себепли менменсип кеттиң.
6 Сонлықтан Қудай Ийе былай
дейди: Өзиңди қудайдай дана бил-
гениң ушын, 7 үстиңе жат жерли-
лерди, халықлардың ең жаўызын
алып келемен. Олар даналығың
жаратқан гөззаллыққа қарсы қы-
лышларын жалаңашлайды ҳәм
нурлы салтанатыңды сөндиреди.
8 Өзиңди гөрге тығады ҳәм сен те-
ңиз қойнындағы қалаңда жаўыз-
лық пенен өлтирилесең. 9 Сонда
өзиңди өлтиргенлер алдында: „Мен
қудайман“, – дей аласаң ба? Өзиң-
ди өлтиргенлердиң қолында сен
қудай емес, ал әпиўайы бир адам
боласаң. 10 Сен жат жерлилердиң
қолынан сүннетсизлердиң өлими
менен өлесең. Буны Мен айтып тур-
ман, – дейди Қудай Ийе».
11 Маған Жаратқан Ийеден сөз
түсти:
12 – Инсан улы, Тир патшасы
ушын жоқлаў айт ҳәм оған Қудай
Ийе былай дейди деп айт:

«Сен минсизлик тымсалысаң,
Даналыққа толған, гөззаллықта
бәркамал ediң.

13 Сен Эденде, Қудайдың бағында
единң.
Сердолик, хризолит, гагат,
Сары яқыт, оникс, яшма,
Лазурит, периўза, зүмрет
сыяқлы,
Қымбатбаҳа тасларға безендиң.
Безениў буйымларың
алтыннан исленген еди.
Сен жаратылған күни, булар
таярланған еди.
14 Сен майланған қорғаўшы керуб
единң,
Усы иске сени Мен қойған едим.
Сен Қудайдың мухаддес таўы
үстинде единң,
Отлы таслар арасында жүрер
единң.
15 Жаратылған күниңнен баслап,
Қылмысқа қол урғанға дейин,
Өз жолында минсиз единң.
16 Саўдаңның көплиги себепли,
Ишиң наҳақлыққа толды,
Гүнаға қол урдың.
Мен сени ҳарам деп санап,
Қудайдың таўынан ылақтырдым.
Қорғаўшы керуб, сени,
Отлы таслардың арасынан
қуўып жибердим.
17 Гөззаллығың себепли жүрегиң
тәкаббирленди,
Даңқпаразлығың себепли
даналығыңды жоқ қылдың.
Соған бола, Мен сени жерге
ылақтырдым,
Патшалар алдында шерменде
қылдым.
18 Қылмысларыңның көплиги
менен,
Саўда-сатықтағы наҳақлығың
менен,
Өз мухаддес орынларыңды
ҳарамладың.
Сонда Мен ортаңнан от
шығардым,
Ол сени жалмап қойды.
Көргенлердиң көз алдында,
Сени күлге айландырдым.
19 Халықлар арасында сени
таныйтуғынлардың
ҳәммеси,
Аўҳалыңа таң қалды.
Ақыбетиң қорқынышлы болды,
Сен мәңгиге жоқ боласаң».

## Сидонға қарсы пайғамбаршылық

20 Маған Жаратқан Ийеден сөз
түсти:
21 – Инсан улы, жүзиңди Сидонға
қарай бурып, оған қарсы пайғам-
баршылық қыл. 22 Оған Қудай Ийе
былай дейди деп айт:

«Ҳәй, Сидон, Мен саған
қарсыман.
Мен сениң ишиңде даңққа
ерисемен.
Саған ҳүким шығарып,
Өз мухаддеслигимди аян
қылғанымда,
Ҳәмме Мениң Жаратқан Ийе
екенимди билип алады.
23 Мен Сидонға иллет жиберемен,
Көшелеринде қан төгиледи.
Жән-жақтан урылған
қылыштан,
Қала ортасында қаза тапқанлар
қулап жатады.
Сонда олар Мениң Жаратқан
Ийе екенимди билип
алады».

24 Израил халқын жек көретуғын
қоңсылардың ҳеш бири, енди қай-
тып Израилға жаралаўшы тикен

ямаса тикенли жантақтай болмай-
ды. Сонда олар Мениң Қудай Ийе
екенимди биледи.
25 Қудай Ийе былай дейди: Ха-
лықлар арасына тарқатып жибе-
рилген израиллыларды жыйнап
алғанымда, миллетлердиң көз ал-
дында оларға Өз мухаддеслигимди
аян етемен. Кейин олар өз жерле-
рине, қулым Яқыпқа берген жер-
лерге мәкан басады. 26 Ол жерде
қәўипсиз жасайды, үйлер қурады,
жүзимзарлар отырғызады. Дөге-
producing ректеги оларды жек көргенлер-
ге ҳүким шығарғанымнан кейин,
олар қәўипсизликте жасайды. Сон-
да олар Мениң өзлериниң Қудайы
Жаратқан Ийе екенимди билип
алады.

### Мысырға қарсы пайғамбаршылық

29 1 Сүргинде болған ўақты-
мыздың оныншы жылы-
ның оныншы айының он екинши
күни маған Жаратқан Ийеден сөз
түсти:
2 – Инсан улы, жүзиңди Мысыр
патшасы фараонға қаратып, оған
ҳәм пүткил Мысырға қарсы пайғам-
баршылық қыл. 3 Тил қатып, оған
Қудай Ийе былай дейди деп айт:

«Дәрья тармақлары ишинде
жатқан,
Үлкен айдарҳа, Мысыр
патшасы фараон!
Мен саған қарсыман.
Сен: „Нил өзимдики,
Оны өзим ушын жараттым“, –
дейсең.
4 Бирақ Мен жағыңа қармақ
саламан,
Теңгелериңе дәрья
тармақларындағы
балықларды
жабыстыраман.
Теңгелериңе жабысқан
балықлар менен бирге,
Сени суўырып шығараман.
5 Өзиңди де, тармақларыңдағы
балықларды да,
Шөлистанға ылақтырып
таслайман.
Сен ашық далада жатасаң,
Ҳеш ким сени жыйнамайды,
көтерип алмайды.
Сени жердеги жабайы
ҳайўанларға,
Аспандағы қусларға жемтик
қыламан.
6 Сонда Мысырда жасайтуғын ҳәр
бир адам,
Мениң Жаратқан Ийе
екенимди билип алады.

Себеби сен Израил халқы ушын
қамыс ҳаса болдың. 7 Израил хал-
қы сени услағанда, сынып кетип,
олардың ийнин жарақатладың. Ал
сүйенгенде, сен сынып, оларды тен-
тиреклетип жибердиң.
8 Сонлықтан Қудай Ийе былай
дейди: Мен саған қылыш жиберип,
сениң адамларың менен малла-
рыңды қырып таслайман. 9 Мы-
сыр жерин адамсыз қуў далаға
айландыраман. Сонда олар Ме-
ниң Жаратқан Ийе екенимди би-
лип алады. „Нил өзимдики, оны
өзим ушын жараттым“, – дегениң
ушын, 10 Мен саған ҳәм дәрьяда-
ғы тармақларыңа қарсы шығаман.
Мысыр жерин Мигдолдан Сиўене-
ге шекем ҳәм Хабаштан шегарала-
рына шекем қаңыраған қуў далаға

айландыраман. [11] Ол жерге адам
аяқ баспайды, ҳайўан туяғы тий-
мейди. Ол жерде қырық жыл адам
жасамайды. [12] Мен Мысырды қа-
ңырап қалған еллердиң ишинде-
ги ең жаманына айландыраман.
Оның қалалары ўайран етилген
қалалардың ең ўайран болғаны бо-
лып, қырық жыл адамсыз қалады.
Мысырлыларды басқа халықлар
арасына тарқатып, жат жерлерге
шашып жиберемен.

[13] Қудай Ийе былай дейди: Қы-
рық жылдан кейин, тарқатып
жиберилген мысырлыларды ха-
лықлардың арасынан жыйнайман.
[14] Мысырлыларды сүргиннен қай-
тарып, өзлериниң туўылған журты
Патрусқа алып келемен. Ол жерде
олардың патшалығы ҳәлсиз бо-
лады. [15] Ол ҳәлсизирек патшалық
болып, артық халықлардан үстин
болмайды. Олар халықлар үсти-
нен ҳүкимдарлық қылмаўы ушын,
Мен оларды азайтаман. [16] Мысыр
енди ҳеш қашан Израилға сүйениш
болмайды. Керисинше, Мысырдың
бахытсызлығы оларға Мысырдан
жәрдем сораў арқалы гүна ислеге-
нин еслетеди. Сонда олар Мениң
Қудай Ийе екенимди биледи».

[17] Сүргинде болған ўақтымыз-
дың жигирма жетинши жылының
биринши айының биринши күни
маған Жаратқан Ийеден сөз түсти:
[18] – Инсан улы, Бабилония пат-
шасы Набуходоносор Тир менен
урысыў ушын әскерлерине қат-
ты мийнет еттирди: ҳәмме әскер-
диң шашы түсип қалды, желкелери
қыршылды. Бирақ ол да, әскерлери
де Тирден мийнетине жараса олжа
ала алмады.

[19] Сонлықтан Қудай Ийе былай
дейди: «Мен Бабилония патшасы
Набуходоносорға Мысыр жерин
беремен. Ол Мысырдың байлығын
алып кетеди. Оны талан-тараж қы-
лады, олжалап алып кетеди. Бул
оның әскерлери ушын мийнет ҳақы
болады. [20] Аўа, Мен оған Мысырды
мийнети ушын сый қылып беремен,
себеби ол ҳәм оның әскерлери Мен
ушын мийнет етти, – дейди Қудай
Ийе. [21] – Сол күни Мен Израил хал-
қын күшли қыламан ҳәм олардың
арасында ашық сөйлеў ушын саған
сайрап турған тил беремен. Сонда
олар Мениң Жаратқан Ийе еким-
ди билип алады».

### Мысыр ушын жоқлаў айтыў

**30** [1] Маған Жаратқан Ийеден
сөз түсти:

[2] – Инсан улы, пайғамбаршы-
лық қылып айт: «Қудай Ийе бы-
лай дейди:

Аҳ, сол күн, деп бақыр!
[3] Себеби сол күн жақынласты,
Жаратқан Ийениң күни
жақынласты.
Бул күн қалың бултлы болады,
Миллетлердиң қыямет-қайым
күни.
[4] Мысырға қарсы қылыш шығады.
Мысырлылар қылыштан
қырылғанда,
Хабашстанды қорқыныш
бийлейди.
Мысырдың байлығы алып
кетиледи,
Тийкары күл-талқан қылынады.

[5] Хабашстан, Пут, Луд, жат жерли
жалланба әскерлер, Куб ҳәм олар

менен питим дүзген еллердиң хал-
қы қылыштан өткериледи.

6 Жаратқан Ийе былай дейди:
Мысырдың аўқамласлары
қырылады,
Мақтанышлы қүдирети қулайды.
Мигдолдан Сиўенеге шекем,
Ҳәммеси қылыштан
өткериледи,
– дейди Қудай Ийе. –
7 Олар қаңырап қалған еллердиң
ишиндеги,
Ең жаманына айланады.
Оның қалалары ўайран етилген
қалалар ишиндеги,
Ең ўайран қылынғаны болады.
8 Мысырға от берип,
Оны қоллағанлардың ҳәммесин
жоқ қылғанымда,
Олар Мениң Жаратқан Ийе
екенимди билип алады.

9 Сол күни қайғы-ғамсыз жасап
атырған хабашстанлыларды қорқы-
тыў ушын, Мен кемелер менен ха-
баршылар жиберемен. Мысырдың
қыямет-қайым күнинде, хабаш-
станлыларды қорқыныш бийлеп
алады. Мине, усы күн сөзсиз келеди.

10 Қудай Ийе былай дейди:
Мен Бабилония патшасы
Набуходоносордың қолы
менен,
Көп санлы Мысыр халқын жоқ
қыламан.
11 Набуходоносордың өзи ҳәм
әскерлери,
Барлық халықлар арасындағы
ең жаўызы.
Ол Мысырды қуртыў ушын
алып келинеди.
Мысырға қарсы қылышларын
жалаңашлап,
Жерди өлилерге толтырады.
12 Мен Нилдиң тармақларын
қурытып,
Елди залымлардың қолына
беремен.
Елди ҳәм ондағы ҳәмме
нәрсени,
Жат жерлилердиң қолы менен
ўайран етемен.
Буны Мен, Жаратқан Ийе
айтып турман.

13 Қудай Ийе былай дейди:
Мен барлық бутларды жоқ
қыламан,
Нофтағы қудайлардың
мүсинлерин қуртаман.
Мысырда енди ҳүкимдар
болмайды.
Мысыр жерин қорқынышқа
саламан.
14 Патрус үлкесин ўайран
қыламан,
Соан қаласына от қояман,
Но қаласы үстинен ҳүким
шығараман.
15 Мысырдың қорғаны болған
Синге ғәзебимди төгемен.
Но қаласының көп санлы
халқын қырып таслайман.
16 Мысырға от қояман,
Син шексиз азап шегеди.
Но қаласының дийўалы
тесиледи,
Нофқа күпә-күндиз душпан
ҳүжим қылады.
17 Уон ҳәм Пий-Бесет жигитлери,
Қылыштан набыт болады,
Қала халқы сүргин қылынады.
18 Мен Мысырдың бийлик
ҳасасын сындырған,

Ҳәм де оның мақтанышлы
қүдиретин қулатқан күни,
Тахпанхесте күн түнекке
айланады,
Қаланы қара булт қаплайды,
Оған қараслы қала-
аўыллардың турғынлары
сүргин қылынады.
19 Мен Мысыр үстинен ҳүким
шығараман.
Сонда олар Мениң Жаратқан
Ийе екенимди билип
алады».

20 Сургинде болған ўақтымыз-
дың он биринши жылының бирин-
ши айының жетинши күни маған
Жаратқан Ийеден сөз түсти:
21 – Инсан улы, Мен Мысыр пат-
шасы фараонның қолын сындыр-
дым. Оның шыпа табыўы ушын,
ҳеш ким қолын байламады, қай-
тып қылыш услаўы ушын, ҳеш
ким қолына тахтай салып таңба-
ды. 22 Сонлықтан Қудай Ийе бы-
лай дейди: «Мен Мысыр патшасы
фараонға қарсыман. Мен оның еки
қолын да: саў қолын да, сынған
қолын да сындыраман. Қолында-
ғы қылышы жерге түсип кетеди.
23 Мысырлыларды халықлар ара-
сына тарқатып, еллер арасына ша-
шып жиберемен. 24 Мен Бабилония
патшасының билегине күш берип,
қолына қылышымды услатаман.
Ал фараонның қолларын сындыра-
ман. Фараон Бабилония патшасы-
ның алдында аўыр жарадар болған
адамдай ыңырсыйды. 25 Мен Ба-
билония патшасының қолларына
күш беремен, ал фараонның қолла-
рында дәрман қалмайды. Мен Ба-
билония патшасына қылышымды
бергенимде ҳәм ол қылышты Мы-
сыр жерине қарай созғанда, олар
Мениң Жаратқан Ийе екенимди
билип алады. 26 Мен мысырлы-
ларды халықлар арасына тарқатып,
еллердиң арасына шашып жибере-
мен. Сонда олар Мениң Жаратқан
Ийе екенимди билип алады».

### Кедр ағашы туўралы тымсал

31 1 Сүргинде болған ўақты-
мыздың он биринши жы-
лының үшинши айының биринши
күни маған Жаратқан Ийеден сөз
түсти:
2 – Инсан улы, Мысыр патшасы
фараонға ҳәм оның сансыз халқы-
на былай деп айт:

«Уллылықта саған тең
келетуғын ким бар?
3 Әнекей, сулыў шақалы, қойыў
саялы,
Лебанондағы кедр ағашына
уқсаған,
Ассирияға қара!
Оның бойы бәлент болып,
Төбеси бултларға тийип
туратуғын еди.
4 Суўлар оны суўғарды,
Жер асты булақлары оны
өсирди.
Ағыслары ол өскен жерден
ақты,
Тармақлары тоғайдағы ҳәмме
тереклерди қандырды.
5 Ол тоғайдағы барлық
тереклерден бийик болып
өсти,
Суўға жақсылап қанғанлықтан,
Балдақлары ириленип,
Шақалары узайды.
6 Аспандағы барлық қуслар,

Шақаларына уя салды.
Барлық жабайы ҳайўанлар,
Шақалары астында балалады.
Барлық уллы миллетлер,
Оның саясында жасады.
7 Ол өзиниң бәлентлиги менен,
Шақаларының узынлығы
менен көркем еди.
Себеби тамыры уллы суўларға
тийип турған еди.
8 Қудайдың бағындағы кедрлер
оның менен беллесе алмас
еди.
Сәрўилер оның путақларына
тең келмес еди.
Шынарлардың шақалары
оныкиндей емес еди.
Қудайдың бағындағы бирде
бир терек,
Гөззаллықта оған тең келмес еди.
9 Мен оны қалың шақалар менен
безедим,
Қудайдың Эден бағындағы
ҳәмме ағашлар,
Оған ҳәўес қылар еди.

10 Сонлықтан Қудай Ийе былай
дейди: Оның бойы өсип, төбеси
бултларға жеткенде, ол бийикли-
гинен тәкаббирленип кетти. 11 Со-
ның ушын Мен оны миллетлердиң
ҳүкимдарының қолына бердим ҳәм
ол оны өз жаўызлығына жараса жа-
залады. Мен оны қуўып жибердим.
12 Халықлар арасындағы ең жаўы-
зы оны кесип, таслап кетти. Шақа-
лары таўларға ҳәм ойпатлықларға
түсип, сынған путақлары жердиң
барлық сай-салаларында шашылып
жатты. Жер бетиндеги ҳәмме мил-
летлер оның саясын тәрк етип, өзин
таслап кетти. 13 Аспандағы барлық
қуслар қулаған ағашқа келип қонды,
барлық жабайы ҳайўанлар шақала-
ры арасына жайласты. 14 Ендигиден
былай, суў бойында өскен ҳеш бир
терек бундай бәлент болып өсип,
төбеси бултларға тиймеўи, мол суў
ишип өскен ҳеш бир терек бундай
дәрежеде бәлент болмаўы ушын
усылай болды. Олардың ҳәммеси
гөрге кирген адамлар менен бир-
ге өлимге, жер астындағы дүнья-
ға тапсырылған.
15 Қудай Ийе былай дейди: Кедр
ағашы өлилер мәканына кирген
күни, Мен оның ушын аза тутсын
деп, жер асты суў көзлерин бекит-
тим. Олардың ағысын тоқтаттым,
мол суўларын ағызбай қойдым.
Бул ағаш ушын пүткил Лебанон-
ды түнекке қапладым, барлық те-
реклерин солыттым. 16 Мен оны
гөрге киргенлер менен бирге өли-
лер мәканына түсиргенимде, қула-
ўының шаўқымынан миллетлерди
титиреттим. Сонда Эден бағының
барлық тереклери де, Лебанонның
ең жақсы ҳәм сайланды тереклери
де, мол суў ишип өскен тереклер
де жер астындағы дүньяда тәселле
тапты. 17 Оның саясында жасаған-
лар, яғный халықлар арасындағы
оның аўқамласлары оның менен
бирге өлилер мәканына түсип, қы-
лыштан қаза тапқанларға қосыл-
ды. 18 Эден бағындағы тереклердиң
қайсы бири даңқ-атақта ҳәм ул-
лылықта саған тең келеди екен?
Бирақ сен Эден тереклери менен
бирге жер астындағы дүньяға ки-
ресең. Сен қылыштан қаза тапқан-
лар менен бирге сүннетсизлердиң
арасында жатасаң. Бул фараонның
ҳәм оның сансыз халқының тым-
салы, – дейди Қудай Ийе».

### Фараон ушын жоқлаў айтыў

**32** 1 Сүргинде болған ўақты-
мыздың он екинши жылы-
ның он екинши айының биринши
күни маған Жаратқан Ийеден сөз
түсти:
2 – Инсан улы, Мысыр патша-
сы фараон ушын былай деп жоқ-
лаў айт:

«Сен өзиңди халықлар
арасындағы арыслан деп
билесең,
Бирақ өзиң теңиздеги
айдарҳаға уқсайсаң.
Дәрьяларыңа бой таслайсаң,
Аяқларың менен суўларды
басқылайсаң,
Тармақларын ылайтасаң.
3 Қудай Ийе былай дейди:
Үстиңе торымды таслайман.
Көплеген халықлар жыйналып,
Торым менен сени тартып
шығарады.
4 Сени жерге ылақтыраман,
Ашық майданға таслайман.
Аспандағы барлық қусларды
үстиңе қондыраман,
Жер бетиндеги барлық жабайы
ҳайўанлар саған тояды.
5 Гөшиңди таўларға жайып
таслайман,
Ойпатлықларды өлигиңе
толтыраман.
6 Жерди таўларға дейин аққан
қаныңа қандыраман,
Сай-салаларды етиңе
толтыраман.
7 Сени гүм қылғанымнан кейин,
көклерди жаўаман,
Ондағы жулдызларды
түнертемен,
Қуяштың жүзин булт пенен
қаплайман,
Ай да сәўле шашыўын тоқтатады.
8 Аспандағы барлық жақтылық
шырақларын,
Үстиңде қараңғы қыламан,
Жериңди зулмат пенен
қаплайман,
– дейди Қудай Ийе –
9 – Жер бойлап, сен танымайтуғын
халықлар арасында,
Сениң қулағаныңды жәриялап,
Көп халықлардың жүрегине
ғулғыла саламан.
10 Көп халықларды саған ҳайран
қалдыраман,
Алдында қылыш
ойнатқанымда,
Олардың патшалары сен
себепли қалтырап қорқады.
Сен қулаған күни,
Ҳәр бири өз жаны ушын ҳәр
сәтте титирейди.

11 Қудай Ийе былай дейди:
Бабилония патшасының
қылышы саған дүбейди.
12 Халықлар арасындағы ең
жаўызы болған,
Күшли әскерлердиң қылышы
менен,
Сениң көп санлы халқыңды
қыраман.
Олар Мысырдың менменлигин
аяқ асты қылып,
Сансыз халқын қырып жояды.
13 Мол суўлар жанында бағылып
атырған,
Пүткил малларын жоқ қыламан,
Буннан былай, адам аяғы да,
Ҳайўан туяғы да бул суўларды
басқыламайды.
14 Сонда суўларды тындыраман,

Дәрьяларын майдай болып
ағатуғын қыламан,
– дейди Қудай Ийе. –
15 Мысыр жерин қаңыратып, бос
қалдырғанымда,
Оны ҳәмме нәрсесинен журдай
еткенимде,
Онда жасайтуғынларды қырып
таслағанымда,
Олар Мениң Жаратқан Ийе
екенимди билип алады.

16 Мине бул, миллетлердиң қызлары айтатуғын жоқлаў. Мысыр ҳәм оның көп санлы халқы туўралы усы жоқлаўды айтады, – дейди Қудай Ийе».

### Мысыр өлилер мәканына түседи

17 Сүргинде болған ўақтымыздың он екинши жылы, айдың он бесинши күни маған Жаратқан Ийеден сөз түсти:
18 – Инсан улы, Мысырдың көп санлы халқы ушын қайғырып жыла. Оларды ҳәм күшли миллетлердиң қызларын гөрге киргенлер менен бирге жер астындағы дүньяға жибер.
19 Оларға былай деп айт: «Сен өзиңди басқалардан унамлыман деп ойлайсаң ба? Түсип, сүннетсизлер менен бирге жат».
20 Олар қылыштан қаза тапқанлардың арасында жан тапсырады. Қылыш берилди. Мысырды ҳәм оның көп санлы халқын қырып таслаң.
21 Өлилер мәканындағы ең күшли сәркәрдалар Мысыр ҳәм оның аўқамласлары туўралы: «Қылыштан өткерилген сүннетсизлер жер астына түсирилди, олар сол жерде жатырыпты», – дейди.
22 Ассирия ҳәм оның пүткил әскерлери сол жерде жатыр. Қылыштан қаза тапқан әскерлериниң қәбирлери әтирапын қоршап алған.
23 Олардың қәбирлери туңғыйықтың ең түбинде, әскерлери оның әтирапында. Тирилер әлеминиң ҳүрейин ушырғанлардың ҳәммеси қылыштан өткерилип өлтирилди.
24 Элам да сол жерде, көп санлы халқы да оның қәбириниң әтирапында. Олардың ҳәммеси қылыштан қаза тапқан. Тирилер әлеминиң ҳүрейин ушырған бул сүннетсизлер жер астындағы дүньяға түсти. Олар туңғыйыққа түскенлер менен бирге өз шерменделигин алып кетти.
25 Эламға ҳәм оның көп санлы халқына өлтирилгенлер арасынан орын берилди. Адамлары оның дөгерегине қойылды. Олардың ҳәммеси сүннетсиз болып, қылыштан өткерилген еди. Олар тирилер әлеминиң ҳүрейин ушырған еди, енди туңғыйыққа түскенлер менен бирге өз шерменделигин алып кетти. Олар қаза тапқанлардың арасына орналасты.
26 Мешех пенен Тубал да сол жерде көп санлы халқы менен бирге жатыр. Адамларының қәбирлери олардың әтирапында. Бул сүннетсизлер де тирилер әлеминиң ҳүрейин ушырғаны ушын қылыштан қаза тапқан.
27 Олар өлилер мәканына қурал-жарақлары менен кирген, қылышлары басына қойылған, сүннет етилмеген батырлар менен бирге жатпайды. Мешех пенен Тубалдың гүналары сүйеклерине орналасып алған. Өйткени олар батырлар киби тирилер әлеминиң ҳүрейин ушырды.
28 Фараон, сен де

тас-талқан қылынып, қылыштан
қаза тапқанлар менен бирге сүн-
нетсизлер арасында жатасаң.
29 Эдом да өз патшалары ҳәм бар-
лық ҳүкимдарлары менен бирге ол
жерде. Күшлилигине қарамастан,
олардың ҳәммеси қылыштан қаза
тапқанлар менен бирге қойылған.
Олар сүннетсизлер ҳәм туңғыйық-
қа түскенлер менен бирге жатыр.
30 Арқа тәрептиң барлық басшы-
лары менен сидонлылар да сол жер-
де. Олар күшли болып, адамлардың
ҳүрейин ушырғанына қарамастан,
қаза тапқанлар менен бирге шер-
менделик пенен ол жерге кирди.
Бул сүннетсизлер қылыштан қаза
тапқанлар менен бирге жатыр ҳәм
туңғыйыққа түскенлер менен бир-
ге өз шерменделигин алып кетти.
31 Фараон ҳәм оның барлық әс-
керлери буларды көрип, өзлериниң
қылыштан қаза тапқан сансыз хал-
қы ушын тәселле табады, – дейди
Қудай Ийе. 32 – Мен оларға тири-
лер әлеминиң ҳүрейин ушырыўға
жол берген болсам да, фараон ҳәм
оның сансыз халқы қылыштан қаза
тапқанлар менен бирге сүннетсиз-
лердиң арасында жатады, – дейди
Қудай Ийе.

### Қудайдың Езекиелди Израилға гүзетши қылып тайынлаўы

33 1 Маған Жаратқан Ийеден
сөз түсти:
2 – Инсан улы, өз халқың менен
сөйлесип, оларға былай деп айт:
«Егер Мен бир елге қылыш жибер-
сем, сол жердиң халқы өзлеринен
бир адамды сайлап, оны гүзетши
қылып тайынлайды. 3 Ол жерине
киятырған қылышты көрип, кәр-
най шалып, халқын ескертеди.
4 Егер биреў кәрнайдың сестин
еситсе де, сақланбаса ҳәм қылыш
келип, оны өлтирсе, оның қаны өз
мойнында қалады. 5 Ол кәрнай сес-
тин еситип турып, итибар бермеге-
ни ушын, өз өлимине өзи айыплы.
Ал өзин қәўиптен сақлаған адам өз
өмирин сақлап қалады. 6 Егер гү-
зетши қылыш киятырғанын көрсе
ҳәм халқын ескертиў ушын кәрнай
шалмаса, қылыш келип, олардан
биреўиниң жанын алса, онда бул
адам өз гүнасы ушын өледи. Бирақ
оның қанының қунын Мен гүзет-
шиден талап етемен».
7 Инсан улы, Мен сени Израил
халқына гүзетши етип тайынла-
дым. Сен Мениң аўзымнан шық-
қан сөзлерди тыңлап, оларды
Мениң атымнан ескерт. 8 Мен на-
ҳақ адамға: «Наҳақ адам, сен сөзсиз
өлесең!» – десем, ал сен наҳақты
жолынан қайтарыў ушын ҳеш нәр-
се айтпасаң, онда наҳақ өз гүнасы
ушын өледи. Бирақ Мен оның қа-
нының қунын сеннен талап қыла-
ман. 9 Егер сен наҳақты жолынан
қайтарыў ушын ескертсең, бирақ
ол өз жолынан қайтпаса, ол өз гү-
насы ушын өледи, ал сен өз жаның-
ды сақлап қаласаң.
10 Инсан улы, сен Израил халқы-
на сизлер былай дейсизлер деп айт:
«Бизлер қылмысларымыз бенен
гүналарымызға көмилдик, олар
бизлердиң димарымызды қуртып
атыр. Бул аўҳалда қалай тири қа-
ламыз?» 11 Оларға былай деп айт:
«Мен, Қудай Ийе Өз тирилигим
ҳақы айтаман: Мен наҳақ адам-
ның өлимин қәлемеймен, оның өз

жолынан қайтып, жасаўын қәлей-
мен. Қайтыңлар! Жаман жоллары-
ңыздан қайтыңлар! Неге өлиўиңиз
керек, Израил халқы?!»
12 Инсан улы, өз халқыңа былай
деп айт: «Егер ҳақ адам гүна ис-
лесе, оның ҳақлығы оны қутқара
алмайды. Егер наҳақ адам туўры
жолға кирсе, қылған қылмыслары
қулаўына себеп болмайды. Сол сы-
яқлы, ҳақ адам гүна ислесе, бурын-
ғы ҳақлығы оны тири сақлап қала
алмайды. 13 Егер Мен ҳақ адамға
жасайтуғынын айтсам, ал ол ҳақ-
лығына исенип, гүнаға қол урса,
онда оның бурынғы ҳақлығы ес-
ке алынбайды, қайтама, ол исле-
ген жаўызлығы ушын өледи. 14 Ал
наҳақ адамға сөзсиз өлетуғынын
айтсам, ол гүналарынан жүз бурып,
туўрылық ҳәм әдилликти жүзеге
асырса, 15 қарызы ушын гиреўге
алған затын да, урлаған затын да
қайтарып берсе, өмирге ерисclub-
ретуғын қағыйдаларды орынласа
ҳәм қайтып зулымлық қылмаса,
ол сөзсиз жасайды, өлмейди. 16 Ол
ислеген гүналардың ҳеш бири ес-
ке алынбайды. Бул адам туўры ҳәм
әдил ислер қылғаны ушын, сөзсиз
жасайды».
17 Сениң халқың: «Ийениң жолы
натуўры», – дейди. Бирақ өзлери-
ниң жолы натуўры. 18 Егер ҳақ адам
ҳақлығынан тайып, натуўры ис-
лерге қол урса, буның ушын өледи.
19 Егер наҳақ адам наҳақлығын тас-
лап, әдил ҳәм туўры ислерди ислей
басласа, ол усылай ислеп, жанын
сақлап қалады. 20 Сизлер болсаңыз:
«Ийениң жолы натуўры», – дейсиз.
Израил халқы, Мен сизлердиң ҳәр
бириңизди исиңизге жараса ҳүким
қыламан.

### Ерусалимниң қулаўы

21 Сүргинде болған ўақтымыз-
дың он екинши жылының оныншы
айының бесинши күни Ерусалим-
нен қашып қутылған бир адам ма-
ған келип:
– Қала басып алынды, – деди.
22 Сол қашқын келмесинен бир
күн бурын кеште Жаратқан Ийе-
ниң қолы мениң үстимде болды.
Қашқын азанда алдыма келмей
турып, Ол маған сөйлеў қәбилетин
қайтарып берди. Мен және тилге
кирдим[a]. 23 Маған Жаратқан Ийе-
ден сөз түсти:
24 – Инсан улы, Израил жериниң
ўайран болған жерлеринде жасап
жүрген адамлар: «Ибрайым жал-
ғыз өзи болса да, бул жерге ийе-
лик қылған еди. Ал бизлер көппиз,
сонлықтан бул жердиң бизлерге
ийеликке берилгенин анық би-
лемиз», – деп айтпақта. 25 Сон-
лықтан оларға айт: «Қудай Ийе
былай дейди: Сизлер гөшти қаны
менен жейсиз, бутларға табынасыз,
қан төгесиз. Солай қыла тура, бул
жерге ийелик қылмақшымысыз?
26 Сизлер қылышыңызға исене-
сиз, жеркенишли ислерди қыла-
сыз, ҳәр бириңиз басқа адамның
ҳаялын ҳарамлайсыз. Солай қыла
тура, бул жерге ийелик қылмақ-
шымысыз?» 27 Оларға айт: «Қудай
Ийе былай дейди: Тирилигим ҳақы
ант ишемен: ўайран болған жер-
де жасап атырғанлар қылыштан

a **33:21-22** 3:26-27; 24:26-27.

набыт болады. Ашық далада бол-
ғанларды Мен жабайы ҳайўан-
ларға жем қыламан. Бекинисли
жерлерде ҳәм үңгирлерде болған-
лар иллеттен өледи. [28] Бул жерди
қаңыраған шөлистанға айландыра-
ман. Онық мақтанышлы қүдирети
паянына жетеди. Израил таўла-
рында да адам қалмайды, ол жерге
ҳеш ким аяқ баспайды. [29] Ислеген
жеркенишли ислери ушын жерди
қаңыраған шөлистанға айландыр-
ғанымда, олар Мениң Жаратқан
Ийе екенимди билип алады».

[30] Инсан улы, жерлеслериң дий-
ўаллар қасында ҳәм үйлериниң
босағасында турып, сен туўралы
бир-бирине: «Жүриң, Жаратқан
Ийеден қандай сөз келген екен,
еситейик», – деп атыр. [31] Олар то-
парласып келеди. Мениң халқым
сениң алдыңда отырады, сөзле-
риңди тыңлайды, бирақ оларды
орынламайды. Олар тиллеринде
жағымпазланғаны менен, жүрекле-
ринде өз пайдасын гөзлейди. [32] Сен
олар ушын, жақсы сазенде ҳәм му-
ҳаббат ҳаққында қосық айтатуғын
хош ҳаўаз қосықшысаң. Олар сөз-
лериңди еситеди, бирақ оларды
орынламайды. [33] Булар жүзеге ас-
қанда, мине, жүзеге асып та атыр,
олар өзлериниң арасында бир пай-
ғамбардың болғанын билип алады.

### Израил шопанлары

**34** [1] Маған Жаратқан Ийеден
сөз түсти:

[2] – Инсан улы, Израил шопан-
ларына пайғамбаршылық қыл.
Пайғамбаршылық қылып, оларға,
яғный шопанларға айт: «Қудай Ийе
былай дейди: Сүриўди бағыўдың
орнына өзлерин бағып жүрген Из-
раил шопанлары, ҳәсирет шеге-
сиз! [3] Сизлер май жейсиз, жүннен
кийим кийесиз, семиз қойларды
соясыз, бирақ сүриўди бақпай-
сыз. [4] Ҳәлсизге күш бермедиңиз,
кеселди шыпаламадыңыз, сүйе-
ги сынғанның сынығын таңба-
дыңыз. Адасқанды қайтып алып
келмедиңиз, жойтылғанды изле-
медиңиз. Қайтама, оларды күш пе-
нен, реҳимсиз басқардыңыз. [5] Олар
шопансыз ҳәр жаққа тарады ҳәм
тарқап жүрип, жабайы ҳайўанларға
жем болды. [6] Қойларым таўларда
ҳәм бийик төбелерде гезди. Олар
барлық жерге жайылды, оларды
ҳеш ким излемеди, табыўға урын-
бады.

[7] Сонлықтан, шопанлар, Жаратқан
Ийениң сөзин тыңлаң!

[8] Тирилигим ҳақы ант ишемен, –
дейди Қудай Ийе, – шопанның
жоқлығы себепли қойларым талан-
ды ҳәм жыртқыш ҳайўанларға жем
болды. Шопанларым қойларымды
излемеди, қойларымды бақпай,
өзлерин бақты. [9] Сонлықтан, шо-
панлар, Жаратқан Ийениң сөзин
тыңлаң! [10] Қудай Ийе былай дейди:
Мен шопанларға қарсыман! Мен
олардан есап талап етемен ҳәм ен-
дигиден былай, оларға қойларым-
ды бақтырмайман. Артық өзлерин
де бақпайды. Енди оларға жем бол-
маўы ушын, аўызларынан қойла-
рымды тартып аламан.

[11] Қудай Ийе былай дейди: Мен
Өзим қойларымды излеймен ҳәм
оларға қарайман. [12] Тарқалып кет-
кен қойлардың арасында шопан
сүриўине қалай қарайтуғын бол-
са, Мен де оларға солай қарайман.

Булт түнерген бултлы күни тар-
қалып кеткен қойларымды ҳәмме
жерден қутқарып аламан. 13 Олар-
ды халықлардың арасынан шы-
ғарып, еллерден жыйнап аламан.
Ата журтына алып келип, Израил
таўларында, сайларында ҳәм ел-
диң адам мәкан басқан жерлериниң
ҳәммесинде бағаман. 14 Мен оларды
жасыл жайлаўларда бағаман, Из-
раилдың бәлент таўлары олардың
өриси болады. Олар сол жерлердеги
майсазарларда жатып, Израилдың
таўларындағы мол шөпли жайлаў-
ларда отлайды. 15 Қойларыма Мен
Өзим шопан боламан, оларға дем
берип, тынышландыраман, – дей-
ди Қудай Ийе. 16 – Жойтылғанын
излеймен, адасқанын қайтып алып
келемен, сүйеги сынғанның сыны-
ғын таңаман, аўырғанына мәдет
беремен, ал семиз ҳәм күшлисин
болса, жоқ қыламан. Оларды әда-
латлық пенен бағаман.

17 Сизлерге келсек, қойларым, –
дейди Қудай Ийе, – қой менен қой,
қошқар менен теке арасында қазы-
лық қыламан. 18 Жасыл жайлаўда
отлағаныңыз аз болғандай, же-
гениңизден қалғанын басқылап
атырсыз! Таза суўдан ишкениңиз
жеткиликли еместей, ишкениңиз-
ден қалғанын аяғыңыз бенен ылай-
тып атырсыз! 19 Мениң қойларым
сизлердиң басқылап таслаған шөп-
лериңизди жеп, аяқларыңыз бенен
ылайтып таслаған суўларыңызды
ишиўи керек пе?

20 Сонлықтан Қудай Ийе былай
дейди: Семиз қой менен арық қой
арасында Мен Өзим қазылық қы-
ламан. 21 Ҳәлсиз қойларды қуўып
шығармағанша, сизлер оларды
жамбасыңыз ҳәм ийниңиз бенен
ийтерип, шақыңыз бенен дүкти-
ңиз. 22 Мен қойларымды қутқара-
ман, олар енди таланбайды. Және
де, қой менен қойдың арасында
қазылық қыламан. 23 Олардың
үстинен бағатуғын бир шопанды,
қулым Даўытты қояман. Даўыт
оларды бағады ҳәм олардың шопа-
ны болады. 24 Мен, Жаратқан Ийе,
олардың Қудайы, ал қулым Даўыт
олардың ҳүкимдары болады. Буны
Мен, Жаратқан Ийе айтып турман.

25 Мен олар менен тынышлық
келисимин дүзип, елдеги бар-
лық жыртқыш ҳайўанларды қу-
ўып шығараман. Сонда қойларым
жабайы тәбият қойнында қәўип-
сиз жасап, тоғайларда уйықлай-
ды. 26 Мен оларды жарылқайман
ҳәм таўымның әтирапында жаса-
таман. Өз ўақтында жаўын жаў-
дыраман, бул жаўынлар берекетли
жаўынлар болады. 27 Ағашлар өз
мийўесин, жер өз өнимин береди.
Халық өз жеринде қәўипсиз жа-
сайды. Мойынтырықларын сын-
дырып, оларды қул қылғанлардың
қолларынан азат еткенимде, олар
Мениң Жаратқан Ийе екенимди
билип алады. 28 Буннан былай,
олар миллетлерге таланбайды
ҳәм жыртқыш ҳайўанлар оларды
жемейди. Олар қәўипсиз жасай-
ды, ҳеш ким оларды қорқытпайды.
29 Мен оларға өнимдар жерлерди
беремен, олар енди елде ашлық-
тан қырылмайды, халықлардың
табасына да ушырамайды. 30 Сон-
да олар Мениң өзлериниң Қудайы
Жаратқан Ийе екенимди, өзлери
менен бирге екенимди ҳәм Изра-
ил халқы Мениң халқым екенин

билип алады, – дейди Қудай Ийе.
31 – Сизлер Мениң қойларым,
жайлаўдағы қойларымсыз. Сиз-
лер адамсызлар, Мен болсам, сиз-
лердиң Қудайыңызбан, – дейди
Қудай Ийе».

### Эдомға қарсы пайғамбаршылық

35 1 Маған Жаратқан Ийеден
сөз түсти:
2 – Инсан улы, жүзиңди таўлы
Сеир жерине қаратып, оған қарсы
пайғамбаршылық қылып, 3 оған
айт: «Қудай Ийе былай дейди: Ҳәй,
таўлы Сеир жери, Мен саған қар-
сыман. Қолымды көтерип, сени
кимсесиз қаңыратып таслайман.
4 Қалаларыңды қарабақанаға ай-
ландырып, адамсыз қалдыраман.
Сонда Мениң Жаратқан Ийе еке-
нимди билип аласаң.
5 Әзелден душпаншылығың бол-
ғанлықтан, Израил апатқа ушырап,
соңғы жазасын тартып атырғанда,
оларды қылыштың еркине тапсыр-
дың. 6 Сол қылғанларың ушын, ти-
рилигим ҳақы айтаман, – дейди
Қудай Ийе, – сени қанға былғайман,
қан изиңнен қалмайды. Қан төгиў-
ден тиксинбегениң ушын, қан да
сениң изиңнен қалмайды. 7 Таўлы
Сеир жери, сени адамсыз шөлге ай-
ландыраман. Саған келип-кетиўши-
лерди жоқ қыламан. 8 Өзиңди өли
денеге толтыраман. Төбешиклериң-
де, ойпатлықларында ҳәм барлық
сайларыңда қылыштан қаза тап-
қанлар қулап жатады. 9 Сени мәң-
гиге қаңыратып, бос қалдыраман.
Қалаларыңда адам жасамайтуғын
болады. Сонда Мениң Жаратқан
Ийе екенимди билип аласаң.
10 Мен, Жаратқан Ийе сол жерде
болғаныма қарамастан, сен: „Бул
еки халық ҳәм олардың жерлери
бизики болады, оларды ийелеп
аламыз“, – дегениң ушын, 11 ти-
рилигим ҳақы айтаман, – дейди
Қудай Ийе, – халқымды жек кө-
рип, ашыў ҳәм қызғаншақлық пе-
нен оларға не қылған болсаң, Мен
де саған соны ислеймен. Саған қа-
зылық қылғанымда, оларға Өзим-
ди аян етемен. 12 Сонда сен Мениң
Жаратқан Ийе екенимди билип
аласаң. Мен сениң Израил таўла-
рына: „Қаңырап бос қалды, олар
бизге жем қылып берилди!“ – деп
масқаралап айтқан барлық сөзле-
риңди еситтим. 13 Сен көз алдым-
да мақтанып, Маған қарсы гәпти
көбейттиң. Мен буларды еситтим.
14 Қудай Ийе былай дейди: Пүт-
кил жер бети қуўанышқа бөленип
атырғанда, мен сени қаңыратып,
қуў далаға айландыраман. 15 Изра-
ил халқының мийрас жери босап
қалғанда қалай қуўанған болсаң,
сол исти сениң де басыңа саламан.
Таўлы Сеир жери ҳәм пүткил Эдом
биргеликте қуў далаға айланасыз.
Сонда ҳәмме Мениң Жаратқан Ийе
екенимди билип алады».

### Қудай Израилға берекет бермекши

36 1 – Инсан улы, Израил
таўларына пайғамбаршы-
лық қылып, оларға айт: «Израил
таўлары, Жаратқан Ийениң сөзин
тыңлаң! 2 Қудай Ийе былай дейди:
Душпан сизлер туўралы: „Ҳәй-ҳәй,
әййемги бийикликлер енди биз-
лердики болды!“ – деп айтқан еди».
3 Сонлықтан пайғамбаршылық

етип, мына сөзлерди айт: «Қудай
Ийе былай дейди: Ҳәр тәрептен
талап, ўайран қылғаны себепли,
сизлер аман қалған миллетлердиң
мүлкине айландыңыз, олардың
табасына ҳәм өсегине қалдыңыз.
4 Ҳәй, Израил таўлары, Қудай Ийе-
ниң сөзин тыңлаң! Қудай Ийе таў-
ларға ҳәм төбелерге, сайлар менен
ойпатлықларға, дөгеректеги аман
қалған миллетлерге олжа болып,
табаға қалған елсиз қарабақана-
ларға ҳәм адамсыз қалған қалалар-
ға сөйлемекте. 5 Қудай Ийе былай
дейди: Аман қалған миллетлерге,
әсиресе, Эдомға қарсы лаўлаған
ғәзебим менен сөйлеймен. Олар
жайлаўларды талан-тараж қылыў
ушын, жүреги шадланып, жек кө-
риўшилик пенен жеримди өзлери-
не мүлик қылып алды».
6 – Сонлықтан Израил жери туў-
ралы пайғамбаршылық етип, таў-
ларға ҳәм төбелерге, сайлар менен
ойпатлықларға айт: «Қудай Ийе
былай дейди: Сизлер халықлар-
дың мазақлаўларынан азап шек-
кениңиз ушын, Мен қызғанышым
ҳәм ғәзебим менен сөйлеймен. 7 Ен-
ди болса Қудай Ийе былай дейди:
Мен ант ишип айтаман: әтира-
пыңыздағы халықлардың өзлери
масқараланып, азап шегеди. 8 Ал
сизлер болсаңыз, Израил таўла-
ры, шақаларыңызды жайып, хал-
қым Израил ушын мийўе бересиз,
себеби олар жақында елине қай-
тып келеди. 9 Мине, Мен сизлерге
қайырылып қарап, нәзер саламан,
сизлер сүрилип, егилесиз. 10 Сиз-
лердиң турғынларыңызды, пүткил
Израил халқын, олардың ҳәмме-
син көбейтемен. Қалалар адамға
толады, қарабақаналар абат қы-
лынады. 11 Адамлардың ҳәм мал-
лардың санын көбейтемен, олар
өнип-өсип көбейеди. Мен сизлер-
ге бурынғыдай адамларды қоныс
бастыраман ҳәм бурынғыдан да кө-
бирек жақсылық қыламан. Сонда
сизлер Мениң Жаратқан Ийе еке-
нимди билип аласыз. 12 Халқым
Израилды үстиңизге алып келемен,
олар сизлерди ийелейди, сизлер
олардың мүлки боласыз. Қайтып
оларды балаларынан маҳрум ет-
пейсиз.
13 Қудай Ийе былай дейди: Из-
раил таўлары, сизлер туўралы:
„Адамларды жалмайтуғын, хал-
қын перзентинен маҳрум қылату-
ғын“, – дейди. 14 Сонлықтан, енди
адамларды жалмамайсыз, буннан
былай, халқыңның сүрнигиўине
себеп болмайсыз, – дейди Қудай
Ийе. 15 – Енди миллетлердиң үс-
тиңизден күлгенин еситпейтуғын
боласыз, халықлардың табалаўын
көтерип жүрмейсиз, халқыңды
перзентлеринен жуда етпейсиз, –
дейди Қудай Ийе».
16 Маған Жаратқан Ийеден сөз
түсти:
17 – Инсан улы, Израил халқы өз
жеринде жасап атырғанда, тутқан
жолы ҳәм ислеген иси менен ол
жерди ҳарамлады. Олардың жо-
лы Мениң нәзеримде етеги келген
ҳаялдың ҳарамлығына уқсайды.
18 Қан төккени ҳәм өзлериниң бут-
лары менен жерди ҳарамлағаны
ушын, оларға ғәзебимди төктим.
19 Мен оларды халықлар арасы-
на тарқатып, жер бойлап шашып
жибердим. Оларды тутқан жол-
лары ҳәм ислеген ислери ушын

жазаладым. 20 Олар қайсы халық
арасына барса да, сол жердеги
адамлар: «Олар Жаратқан Ийе-
ниң халқы, бирақ Оның жеринен
шығып кетиўге мәжбүр болып-
ты», – дейтуғын болды. Усылай
етип, халқым Мениң мухаддес аты-
ма тил тийиўине жол қоя берди.
21 Олар өзлери барған халықлар
арасында тил тийгизген мухаддес
атым ушын жаным ашыды.

22 Сонлықтан Израил халқына
айт: «Қудай Ийе былай дейди: Из-
раил халқы, Мен буларды сизлер
ушын емес, ал сизлер барған жер-
лериңизде тил тийгизген Өзимниң
мухаддес атым ушын ислеймен.
23 Миллетлердиң арасында тил
тийгизилген, олардың арасында
сизлер тил тийгизген уллы атым-
ның мухаддеслигин көрсетемен.
Мен олардың көз алдында сиз-
лер арқалы Өз мухаддеслигимди
аян қылғанымда, халықлар Ме-
ниң Жаратқан Ийе екенимди би-
лип алады, – дейди Қудай Ийе.
24 – Сизлерди миллетлердиң ара-
сынан, ҳәмме еллерден жыйнап
алып, өз жериңизге алып келемен.
25 Кейин үстиңизге таза суў себе-
мен, сизлер таза боласыз. Сизлер-
ди барлық напәклигиңизден ҳәм
барлық бутларыңыздан тазалай-
ман. 26 Сизлерге жаңа жүрек ҳәм
жаңа руўх беремен. Денеңизден
тас жүректи алып таслап, жумсақ
жүрек беремен. 27 Ишиңизге Өз
Руўхымды саламан, сизлер Ме-
ниң қағыйдаларыма сай жасай-
сыз, буйрықларыма әмел қылып,
оларды орынлайсыз. 28 Сонда ата-
бабаларыңызға берген жеримде
жасайсыз. Сизлер Мениң халқым,
Мен сизлердиң Қудайыңыз бола-
ман. 29 Мен сизлерди барлық на-
пәкликтен сақлайман. Ғәллеге
өсип, мол өним бериўди буйыра-
ман, буннан былай ашлыққа дуў-
шар қылмайман. 30 Енди ашлық
себепли халықларға масқара бол-
маўыңыз ушын, миййе жемислерин
ҳәм атызлардағы өнимди мол қы-
ламан. 31 Сонда жаўыз жолыңызды
ҳәм жаман ислериңизди есиңизге
алып, қылмысларыңыз ҳәм жер-
кенишли ислериңиз себепли өзи-
ңизден жеркенесиз. 32 Буны сизлер
ушын ислеп атырғаным жоқ, – дей-
ди Қудай Ийе, – мынаны билип
қойың: Израил халқы, тутқан жол-
ларыңыз ушын қызарып, уялың.

33 Қудай Ийе былай дейди: Сиз-
лерди барлық қылмысларыңыз-
дан тазалаған күним қалаларға
орналастыраман, қарабақаналар-
ды абат қыламан. 34 Олай-булай
өткенлердиң көз алдында ўайран
болып жатырған шөлге ислеў бери-
леди. 35 Сонда олар: „Мына шөлге
айланған жер Эден бағындай бо-
лыпты. Мына ўайран болып, адам-
сыз қарабақанаға айланған қалаға
диййал салынып, адамлар мәкан
басыпты“, – дейди. 36 Сонда әти-
рапыңызда қалған халықлар бу-
зылғанды тиклейтуғын, шөлди
егинзарға айландыратуғын – бул
Жаратқан Ийе екенин биледи. Бу-
ны Мен, Жаратқан Ийе айтаман
ҳәм жүзеге асыраман.

37 Қудай Ийе былай дейди: Мен
халқым Израилдың жалбарыныў-
ларына қулақ салып, олар ушын
мынаны ислеймен: адамларды қой
сүриўиндей көп қыламан. 38 Белги-
ленген байрамларда Ерусалимде

қурбанлық қылынатуғын қойлар
қанша көп болса, босап қалған қа-
лалар да адамларға соншелли толы
болады. Сонда Мениң Жаратқан
Ийе екенимди билип алады».

### Кеўип қалған сүйеклер ойпатлығы

**37** 1 Жаратқан Ийениң қо-
лы мениң үстимде еди. Ол
мени Өз Руўхы менен алып кетип,
ойпатлықтың ортасына апарып
қойды. Ол жер сүйеклерге толып
атырған еди. 2 Ол мени олардың
арасы менен жетеледи, мен ойпат-
лықта жатырған сансыз сүйеклер-
ди көрдим. Сүйеклер жүдә кеўип
қалған еди. 3 Ол меннен:
– Инсан улы, мына сүйеклер ти-
риле ала ма? – деп сорады. Мен
Оған:
– Қудай Ийе, буны тек Сен биле-
сең, – деп жуўап бердим. 4 Кейин
Ол маған былай деди:
– Пайғамбаршылық етип, мына
сүйеклерге былай деп айт: «Кеўип
қалған сүйеклер, Жаратқан Ийе-
ниң сөзин тыңлаң! 5 Қудай Ийе бул
сүйеклерге былай демекте: Мен
сизлерге жан беремен, сизлер ти-
рилесиз. 6 Үстиңизге сиңирлер пи-
тирип, ет өсиремен ҳәм тери менен
қаплайман. Ишиңизге жан сала-
ман, сизлер тирилесиз ҳәм Мениң
Жаратқан Ийе екенимди билип
аласыз».
7 Мен өзиме тапсырылғандай,
пайғамбаршылық еттим. Пай-
ғамбаршылық етип атырғаным-
да, тасырлаған шаўқым еситилди,
сүйеклер бир-бири менен бирлесе
баслады. 8 Мен оларда сиңирдиң
ҳәм еттиң қалай пайда болғанын,
оларды тери қаплағанын көрдим.
Бирақ денесинде еле жан жоқ еди.
9 Сонда Ол маған былай деди:
– Жанға пайғамбаршылық қыл.
Инсан улы, пайғамбаршылық қы-
лып, оған былай деп айт: «Қудай
Ийе былай дейди: Ҳәй жан, төрт
тәрептен самал болып, мына өл-
тирилгенлердиң үстине ес, олар
тирилсин».
10 Мен Ол тапсырғандай, пайғам-
баршылық қылдым. Жан оларға
кирип, олар тирилди, аяққа турды.
Олар жүдә уллы аламанға айлан-
ды. 11 Сонда Ол маған былай деди:
– Инсан улы, мына сүйеклер –
пүткил Израил халқы. Олар: «Сү-
йегимиз қуўрап қалды, үмитимиз
үзилди, бизлер тамырдан үзилип
тасланғанбыз», – дейди. 12 Сонлық-
тан пайғамбаршылық етип, олар-
ға айт: «Қудай Ийе былай дейди:
Халқым, Мен қәбирлериңизди
ашып, сизлерди гөрден шығара-
ман ҳәм Израил жерине алып ке-
лемен. 13 Қәбирлериңизди ашып, о,
халқым, сизлерди гөрден шығарға-
нымда, Мениң Жаратқан Ийе еке-
нимди билип аласыз. 14 Сизлерге
руўхымды саламан, сизлер тири-
лесиз. Мен сизлерди өз жериңиз-
ге орналастыраман. Сонда буны
Мениң, яғный Жаратқан Ийениң
айтқанын ҳәм жүзеге асырғанын
билесиз, – дейди Жаратқан Ийе».
15 Маған Жаратқан Ийеден сөз
түсти:
16 – Инсан улы, сен бир таяқ алып,
оған: «Яҳуда ҳәм оның менен бир-
лескен израиллылар ушын» деп
жаз. Кейин басқа таяқ алып, оған:
«Юсуп ҳәм оның менен бирлескен
Израил халқы ушын Эфрайымның

таяғы» деп жаз. 17 Еки таяқты бир-
бирине қосып усла, олар қолың-
да бир таяқтай болып көринсин.
18 Халқың: «Қолыңдағы не, түсин-
дирип бересең бе?» – деп сораса,
19 оларға былай деп айт: «Қудай
Ийе былай дейди: Мен Эфрайым-
ның қолындағы таяғын, яғный
Юсуп пенен бирлескен Израил
урыўларының таяғын алып, Яҳу-
даның таяғына қосаман. Оларды
бир таяқ қылып, Өз қолымда ус-
лайман». 20 Сен жазыў жазған еки
таяқ олардың көз алдында сениң
қолыңда турғанда, 21 оларға Қудай
Ийе былай дейди деп айт:

«Мен Израил халқын ҳәмме жақ-
тан, өзлери барған халықлардың
арасынан жыйнап алып, өзлери-
ниң жерине алып келемен. 22 Олар-
ды сол журтта, Израил таўларында
бир халық қыламан ҳәм олардың
ҳәммесин бир патша басқарату-
ғын болады. Олар енди еки халық
болмайды ҳәм еки патшалыққа
бөлинбейди. 23 Енди бутлар ме-
нен, жеркенишли затлар менен ҳәм
ҳәр қыйлы надурыс нәрселер ме-
нен өзлерин ҳарамламайды. Гүна-
ға батып жасаған мәнзиллеринен
оларды азат етип, тазалайман.
Олар Мениң халқым, Мен олар-
дың Қудайы боламан.

24 Қулым Даўыт оларға патша бо-
лады ҳәм ҳәммесиниң шопаны бо-
лады. Олар Мениң буйрықларым
менен жасайды, қағыйдаларыма
әмел қылып, оларды орынлайды.
25 Олар Мен қулым Яқыпқа берген
жерде, ата-бабалары жасаған жер-
де жасайды. Сол жерге олардың өз-
лери, балалары ҳәм балаларының
балалары мәңгиге мәкан басады.
Қулым Даўыт мәңгиге олардың ҳү-
кимдары болады. 26 Мен олар ме-
нен тынышлық келисимин дүземен,
бул келисим мәңгиге даўам етеди.
Оларды аяққа турғызаман, көбей-
темен ҳәм Өзимниң Мухаддесха-
намды олардың ортасына мәңгиге
орнатаман. 27 Олардың арасын-
да мәкан басаман. Мен олардың
Қудайы, олар Мениң халқым бо-
лады. 28 Мухаддесханам мәңгиге
олардың арасында жайласқанда,
халықлар Израилды мухаддес қы-
латуғын Мен, Жаратқан Ийе еке-
нин билип алады».

### Гогқа қарсы пайғамбаршылық

38 1 Маған Жаратқан Ийеден
сөз түсти:

2 – Инсан улы, Магог жериндеги
Мешех ҳәм Тубалдың уллы ҳүким-
дары Гогқа жүзиңди қаратып, оған
пайғамбаршылық қыл: 3 «Қудай
Ийе былай дейди: Ҳәй, Мешех ҳәм
Тубалдың уллы ҳүкимдары Гог,
Мен саған қарсыман! 4 Мен сени
басқа тәрепке бурып жиберип, жақ-
ларыңа қармақ саламан. Сени ҳәм
пүткил ордаңды, атларыңды, атлы-
ларыңды, безенип кийинип алып,
үлкен ҳәм киши қалқан услаған үл-
кен топарыңды, қылыш пенен қу-
ралланғанлардың ҳәммесин сүйреп
шығараман. 5 Қалқан услап, дуўлы-
ға кийген Персия, Хабашстан ҳәм
Пут халықлары, 6 Гомердиң барлық
әскерлери, арқадағы алыс журт То-
гарма халқының пүткил ләшкерле-
ри, сондай-ақ, көплеген халықлар
сениң менен бирге болады.

7 Таяр тур! Жаныңа жыйналған
пүткил аламан менен бирге таяр

тур! Сен оларға жетекши боласаң.
8 Көп ўақыттан кейин, сен атланыс-
қа шақырыласаң. Соңғы жылларда
сен урыстан өзин тиклеп алған бир
жерге ҳүжим қыласаң. Бул жердиң
халқы көп миллетлерден шығып,
узақ ўақыттан бери адамсыз қал-
ған Израил таўларына жыйнал-
ған. Оның турғынлары миллетлер
арасынан алып келинип, ҳәзир қә-
ўипсиз жасап атыр. 9 Сен даўылдай
көтерилесең. Сениң өзиң, ләшкер-
лериң ҳәм сениң менен болған көп
халық елди қаплап алыў ушын,
булттай болып келесиз.
10 Қудай Ийе былай дейди: Сол
күни сен жаман қыялларға бери-
лип, жаўыз жобалар дүзесең. 11 Сен
былай дейсең: „Қорғансыз жер-
лерге бастырып барып, бийғам,
тыныш жасап атырған халыққа
ҳүжим қыламан. Олардың дийўа-
лы да, тәмбиленетуғын қапысы да
жоқ. 12 Бурын қаңырап бос жатқан,
ҳәзир адам мәкан басқан қалалар-
да жасап атырған халықты талап,
олжалайман. Шарўашылық ҳәм
саўда менен шуғылланатуғын, мил-
летлердиң арасынан жыйналып,
дүньяның орайында жасайтуғын
бул халыққа қол саламан“. 13 Ше-
ба, Дедан, Таршиш саўдагерлери
ҳәм оның барлық жолбасшылары
сеннен: „Сен талаў ушын келдиң
бе? Талан-тараж қылыў, гүмис ҳәм
алтын алып кетиў, мал ҳәм бай-
лықты тартып алыў, мол олжалы
болыў ушын ләшкер тартып кел-
диң бе?“ – деп сорайды».
14 Сонлықтан инсан улы, пай-
ғамбаршылық қылып, Гогқа айт:
«Қудай Ийе былай дейди: Сол күни
халқым Израилдың қәўипсизликте
жасап атырғанына сениң көзиң
жетеди. 15 Сонда арқадағы алыс
журтыңнан көп халықларды: атлы-
ларды, уллы жыйынды ҳәм сансыз
ләшкерлерди ертип келесең. 16 Сен
жер жүзин қаплаған булт киби, хал-
қым Израилға ҳүжим жасайсаң.
Келешекте, ҳәй Гог, Мен сени Өз
жериме жиберемен. Миллетлердиң
көз алдында, сен арқалы мухад-
деслигимди аян етип, миллетлер-
ге Өзимди танытаман.
17 Қудай Ийе былай дейди: Әй-
йемги дәўирлерде қулларым Изра-
ил пайғамбарлары арқалы айтқан
адамым сен емессең бе? Сол ўа-
қытлары олар Мениң сени изра-
иллыларға қарсы жиберетуғыным
туўралы жыллар бойы пайғамбар-
шылық етти. 18 Гогтың Израил же-
рине ҳүжим ететуғын күни, – дейди
Қудай Ийе, – қаҳәрленип, ғәзебим
лаўлайды. 19 Қызғаншақлығым ме-
нен ғәзеп отында жанып, сол күни
Израил жеринде уллы жер сил-
киниў жүз беретуғынын жәрия-
лайман. 20 Теңиздеги балықлар,
көктеги қуслар, жабайы ҳайўан-
лар, барлық жер баўырлаўшылар,
жер бетиндеги барлық адамлар Ме-
ниң алдымда титирейди. Таўлар
астан-кестен болады, тик жарлар
қулайды ҳәм барлық дийўаллар
жер менен жексен болады. 21 Пүт-
кил таўларымда Гогқа қарсы қы-
лыш шақыраман, – дейди Қудай
Ийе. – Ҳәр бир адамның қылы-
шы өз туўысқанына қарсы болады.
22 Гогты иллет ҳәм қан төгиў менен
жазалайман. Оның ҳәм ләшкер-
лериниң үстине, жанындағы көп
халықлардың үстине ғарқ етиў-
ши жаўын, таслы буршақ, от ҳәм

күкирт жаўдыраман. 23 Солай етип,
Мен уллылығымды ҳәм мухаддес-
лигимди көрсетемен ҳәм көп мил-
летлердиң көз алдында Өзимди
аян етемен. Сонда олар Мениң
Жаратқан Ийе екенимди билип
алады».

### Гогтың жеңилиске ушыраўы

**39** 1 – Инсан улы, сен Гогқа
қарсы пайғамбаршылық
қылып, оған айт: «Қудай Ийе бы-
лай дейди: Ҳәй, Мешехтиң ҳәм Ту-
балдың уллы ҳүкимдары Гог, Мен
саған қарсыман! 2 Сени басқа тә-
репке бурып жиберемен, арқадағы
алыс журттан шығарып, Израил
таўларына алып келемен. 3 Шеп
қолыңдағы садағыңды ҳәм оң қо-
лыңдағы оғыңды урып түсиремен.
4 Сен пүткил ләшкерлериң ҳәм жа-
ныңдағы халықлар менен бирге
Израил таўларында қулайсаң. Се-
ни ҳәр түрли жыртқыш қусларға
ҳәм жабайы ҳайўанларға жемтик
қыламан. 5 Сен ашық майданда
өлесең. Буны Мен айтып турман, –
дейди Қудай Ийе. 6 – Мен Магог
жерине ҳәм атаўларда қәўипсиз
жасап атырғанларға от жиберемен.
Сонда олар Мениң Жаратқан Ийе
екенимди билип алады.

7 Мен Өзимниң мухаддес атым-
ды халқым Израилға аян етемен.
Буннан былай, мухаддес атыма тил
тийгизиўине жол қоймайман. Сон-
да халықлар Израилдың Мухадде-
си, Жаратқан Ийе Мен екенимди
билип алады. 8 Мине, бул күн келе-
ди ҳәм жүзеге асады, – дейди Қудай
Ийе, – яғный сол Мен айтқан күн.

9 Израил қалаларының турғынлары
сыртқа шығып, қурал-жарақларды,
үлкен ҳәм кишкене қалқанларды,
оқ жай ҳәм оның оқларын, таяқ
ҳәм найзаларды отқа жағады. Олар
жети жыл отын болады. 10 Даладан
отын тасыўға, тоғайдан отын ша-
быўға ҳәжет қалмай, қурал-жарақ-
ларды отын қылады. Израил халқы
өзлерин тонағанларды тонайды,
өзлеринен тартып алғанлардан
тартып алады, – дейди Қудай Ийе.

11 – Сол күни Мен Израилдан,
теңиздиң шығысындағы Жолаў-
шылар ойпатлығынан Гогқа қә-
бирстан ушын орын беремен. Ол
өткен-кеткенлердиң жолын тоса-
ды. Ол жерге Гог пенен оның пүт-
кил ләшкерлери жерленеди ҳәм
ол жер „Гогтың сансыз ләшкерле-
рининң ойпатлығы“ деп аталады.
12 Елди тазалаў ушын, Израил хал-
қы оларды жети ай бойы жерлей-
ди. 13 Елдеги пүткил халық оларды
жерлеўге қатнасады. Мен Өзимди
даңққа еристирген күним, Изра-
ил халқы абырайға ийе болады, –
дейди Қудай Ийе. 14 – Усы жети
ай өткенде, ҳәр күни елди гезип
жүретуғын адамлар белгиленe-
ди. Олар менен бирге елди тазалаў
ушын көмиўсиз қалған өлилерди
көметуғын адамлар да белгилене-
ди. 15 Елди гезип жүргенлер адам
сүйегин көрип қалса, оның қасына
белги қойып кетеди. Жерлеўшилер
оны алып, Гогтың сансыз ләшкер-
лериниң ойпатлығына жерлейди.
16 Сол жерде Ҳамона деген қала
да болады. Олар усылайынша ел-
ди тазалайды».

17 Инсан улы, сен болсаң, – дейди
Қудай Ийе, – ҳәр түрли қусларға
ҳәм барлық жабайы ҳайўанлар-
ға былай деп айт: «Мениң сизлер

ушын соятуғын қурбанлығыма,
Израил таўларындағы уллы қур-
банлыққа жән-жақтан жыйналып
келиңлер. Ол жерде гөш жеп, қан
ишесиз. 18 Башан үлкесинде семир-
тилип бағылған қошқарлардың,
тоқлылардың, текелердиң, буға-
лардың гөши ҳәм қаны сыяқлы,
күшли адамлардың ҳәм дүнья ҳү-
кимдарларының гөшин жеп, қанын
ишесиз. 19 Мениң сизлер ушын соя-
туғын қурбанлығымнан тойғанша
гөштиң майын жеп, мәс болғанша
қан ишесиз. 20 Мениң дастурха-
нымнан атларға, атлыларға, күш-
ли жаўынгерлерге ҳәм ҳәр қыйлы
әскерлерге тоясыз, – дейди Қудай
Ийе. 21 – Мен миллетлер арасын-
да уллылығымды аян етемен. Бар-
лық халықлар Мениң шығарған
ҳүкимимди ҳәм оларды қүдирет-
ли қолым менен жазалағаным-
ды көреди. 22 Сол күннен баслап,
Израил халқы Мениң өзлериниң
Қудайы Жаратқан Ийе екенимди
билип алады. 23 Басқа халықлар
Израил халқының Маған қыянет
қылғаны себепли, өз жазығы ушын
сүргин етип алып кетилгенин би-
леди. Мен олардан жүзимди жа-
сырдым, оларды душпанлардың
қолына бердим ҳәм ҳәммеси қы-
лыштан қаза тапты. 24 Оларға өз
напәклигине ҳәм нызамсызлығы-
на жараса ис туттым ҳәм жүзимди
олардан жасырдым.

25 Сонлықтан Қудай Ийе былай
дейди: Енди Мен Яқыпты бурын-
ғы абаданшылығына еристиремен,
пүткил Израил халқына реҳим қы-
ламан ҳәм мухаддес атым ҳүрме-
ти қызғанаман. 26 Оларға ҳеш ким
қәўип туўдырмай, өз еллеринде
қорқынышсыз жасап атырғанын-
да, олар Маған қылған қыянетлери
ушын уялады. 27 Оларды халықлар
арасынан қайтарып, душпан жер-
леринен жыйнап алғанымда, көп
миллетлердиң көзиниң алдында
олар арқалы Өз мухаддеслигимди
аян етемен. 28 Мен оларды халық-
лар арасына тарқатып жиберген
болсам да, кейин ол жерде олардың
бирде биреўин қалдырмай өз же-
рине жыйнағанымда, олар Мениң
өзлериниң Қудайы Жаратқан Ийе
екенимди билип алады. 29 Мен Из-
раил халқының үстине Руўхымды
төгемен, енди ҳеш қашан жүзимди
олардан жасырмайман, – дейди
Қудай Ийе».

## Таза Ибадатхана туўралы аян

**40** 1 Сүргинде болған ўақты-
мыздың жигирма бесинши
жылының биринши айының онын-
шы күни Ерусалимниң басып алын-
ғанына он төрт жыл болған еди.
Сол күни Жаратқан Ийениң қолы
мениң үстимде болып, Жаратқан
Ийе мени сол жерге алып барды.
2 Аянда Қудай мени Израил елине
алып барып, бәлент бир таўдың үс-
тине турғызып қойды. Ол жердиң
қубла тәрепинде иматратлар болып,
қалаға уқсап турған еди. 3 Мени сол
жерге алып барды. Қарасам, дәр-
ўаза алдында бир адам тур. Оның
көриниси жылтыраған қоладай бо-
лып, қолында зығыр жип ҳәм өл-
шейтуғын таяқ бар еди. 4 Сол адам
маған былай деди:

– Инсан улы, көзлериң менен көр,
қулақларың менен есит. Көрсеткен
нәрселеримниң ҳәммесине дық-
қат қой. Мениң саған көрсетиўим

ушын, сен бул жерге алып келиндиң. Көргенлериңниң ҳәммесин Израил халқына жеткер.

## Шығыс дәрўаза имараты

5 Қарасам, Ибадатхананың сырты айлана дийўал менен қоршалған екен. Сол адамның қолындағы өлшейтуғын таяқтың узынлығы алты шығанақ болып, ҳәр бир шығанақтың узынлығы әдеттеги өлшемнен төрт елиге артық еди. Ол дийўалды өлшеди, дийўалдың қалыңлығы да, бийиклиги де бир өлшеў таяғына тең болды. 6 Кейин ол шығысқа қарап турған дәрўазаға барып, текшелерден көтерилип, дәрўаза босағасын өлшеди. Босаға табалдырығының ени бир таяққа тең болып, бул биринши босаға еди. 7 Дәрўаза имаратының ишинде сақшылардың бөлмелери бар еди. Олардың узынлығы да, ени де бир таяққа тең болып, усы бөлмелерди ажыратып турған дийўаллардың қалыңлығы бес шығанақ еди. Дәлиз жолының ақырында Ибадатхана ҳәўлисине қараған айўан болып, усы айўанға шығатуғын табалдырықтың ени бир таяққа тең болды. 8 Соң ол айўанды иштен өлшеди, оның дәлизден тысқары узынлығы бир таяқ шықты. 9 Кейин ол айўанды сырттан өлшеди, оның узынлығы сегиз таяқ шықты. Айўан есигиниң еки капталындағы сүтинге уқсаған шығыңқы дийўаллардың ҳәр қайсысының қалыңлығы еки шығанақтан еди. Бул айўан дәрўаза имаратының ишинде болып, Ибадатханаға қарап турған еди. 10 Шығыс дәрўаза имаратының ишиниң еки капталында да үш-үштен бөлмелер болып, олардың ҳәммесиниң өлшеми де, олардың арасындағы дийўаллар да бирдей қалыңлықта еди. 11 Ол дәрўазаның кирер аўзын өлшеди, ол он шығанақ, ал дәлиздиң ени он үш шығанақ шықты. 12 Сақшылардың бөлмелериниң ҳәр қайсысының алдында ени бир шығанақтан болған пәскелтек пақса бар еди. Сақшылардың бөлмелериниң ени де, узынлығы да алты шығанақ еди. 13 Кейин дәрўаза имаратының төбесиниң енин, бир бөлмениң шетки дийўалынан қарама-қарсы турған бөлмениң шетки дийўалына шекемги аралықты өлшеди. Төбениң ени жигирма бес шығанақ шықты. 14 Кейин ол дәрўаза имаратының ҳәўли тәрепиндеги шығыңқы дийўалларын өлшеди. Олардың бийиклиги алпыс шығанақ шықты. 15 Дәрўаза имаратының кирер аўыздан шығар аўызға шекемги узынлығы елиў шығанақ еди. 16 Дәрўаза имаратының ишиниң еки тәрепинде жайласқан сақшылардың бөлмелери менен олардың арасындағы дийўалларда, сондай-ақ айўанның ишиниң ҳәр бир тәрепинде айна тәризли ойықлар бар еди. Айўанның ҳәўли тәрепиндеги шығыңқы дийўаллары пальма ағашының сүўретлери менен безелген еди.

## Сыртқы ҳәўли

17 Кейин ол мени сыртқы ҳәўлиге алып кирди. Ҳәўли әтирапында отыз бөлме ҳәм тас төселген жол бар еди. 18 Дәрўазалардың еки тәрепиндеги тас жолдың ени дәрўазалардың узынлығына тең еди.

Бул тас жол ҳәўлидеги тас жолдан пәсирек еди. [19] Ол ҳәўлиниң енин, шығыстағы дәрўаза имаратының шығар аўзынан ишки ҳәўлиниң кирер аўзына шекемги аралықты өлшеди, ол жүз шығанақ шықты.

### Арқа дәрўаза

[20] Ол сыртқы ҳәўлиниң арқаға қараған дәрўазасының узынлығы менен енин өлшеди. [21] Имараттың еки тәрепиндеги үш-үштен қурылған сақшылардың бөлмелери, олардың арасындағы дийўаллардың ҳәм айўанның өлшеми биринши дәрўаза имаратының өлшемлери менен бирдей еди. Имараттың узынлығы елиў шығанақ, ени жигирма бес шығанақ еди. [22] Дийўаллардағы айна тәризли ойықлардың, айўанның ҳәм пальма ағашының сүўретлериниң өлшемлери шығыс дәрўазасындағы менен бирдей еди. Дәрўазаға жети басқалдақлы текше арқалы көтерилетуғын еди. Ал айўан имараттың ишки тәрепинде еди. [23] Арқа дәрўазасының алдында да шығыс дәрўазасының алдындағыдай қарама-қарсы турған ишки ҳәўлиниң дәрўаза имараты бар еди. Бул адам ишки дәрўаза имаратынан сыртқы дәрўаза имаратына шекемги аралықты өлшеди. Аралық жүз шығанақ шықты.

### Қубла дәрўаза

[24] Ол мени қубла тәрепке алып барды. Ол жерде қублаға қараған дәрўаза имараты бар еди. Ол имараттың дийўалларын ҳәм айўанын өлшеди. Олардың өлшемлери басқалардики менен бирдей шықты. [25] Басқа дәрўаза имаратларында болғанындай, бул дәрўаза имаратының да, оның айўанының да ҳәмме тәрепинде айна тәризли ойықлар бар еди. Имараттың узынлығы елиў шығанақ, ени жигирма бес шығанақ болып шықты. [26] Оған жети басқалдақлы текше арқалы көтерилип, айўанға киретуғын еди. Имараттың ишки дийўаллары пальма ағашының сүўретлери менен безелген еди. [27] Ишки ҳәўлиниң де қублаға қараған дәрўазасы бар еди. Ол қубладағы сыртқы дәрўазадан усы дәрўазаға шекемги аралықты өлшеди. Аралық жүз шығанақ шықты.

### Ишки ҳәўлиге киретуғын дәрўазалар

[28] Ол мени қубла дәрўаза арқалы Ибадатхананың ишки ҳәўлисине алып кирди де, қубладағы дәрўазаны өлшеди. Оның да өлшемлери басқалардики менен бирдей еди. [29] Сақшылардың бөлмелериниң, олар арасындағы дийўаллардың ҳәм айўанның өлшеми де басқа имаратлардағылар менен бирдей болып шықты. Дәрўаза имаратының ҳәм оның айўанының ҳәмме тәрепинде айна тәризли ойықлар бар еди. Дәрўаза имаратының узынлығы елиў шығанақ, ени жигирма бес шығанақ еди. [30] Ишки ҳәўлидеги дәрўаза имаратларының ҳәр бириниң айўанының узынлығы жигирма бес шығанақ, ени бес шығанақ еди. [31] Айўан сыртқы ҳәўлиге қарап турған болып, оның кирер аўзының еки қапталындағы шығыңқы дийўаллары пальма ағашының сүўретлери менен безелген еди. Дәрўазаға сегиз басқалдақлы текше арқалы көтерилетуғын еди.

32 Ол шығыс дәрўазасының има-
раты арқалы мени ишки ҳәўлиге
алып кирди ҳәм оны өлшеди. Ол да
басқалардай болып шықты. 33 Сақ-
шылар бөлмелери, олар арасын-
дағы дийўаллары ҳәм айўанның
өлшемлери басқалары менен бир-
дей еди. Имараттың да, оның ай-
ўанының да ҳәмме тәрепинде айна
тәризли ойықлар бар еди. Дәрўаза
имаратының узынлығы елиў шы-
ғанақ, ени жигирма бес шығанақ
еди. 34 Айўан сыртқы ҳәўлиге қа-
рап турған болып, оның шығыңқы
дийўаллары пальма ағашының сүў-
ретлери менен безелген еди. Дәр-
ўазаға сегиз басқалдақлы текше
арқалы көтерилетуғын еди.
35 Кейин ол мени арқа дәрўаза-
ға алып келип, дәрўаза имаратын
өлшеди. Оның өлшемлери басқа
имаратлардың өлшемлери менен
бирдей еди. 36 Сақшылар бөлме-
лери, олардың арасындағы дий-
ўаллары ҳәм айўанның өлшеми
басқалардики менен бирдей еди.
Имараттың ишиниң ҳәмме тәре-
пинде айнала айна тәризли ойық-
лар бар еди. Имараттың узынлығы
елиў шығанақ, ени жигирма бес
шығанақ еди. 37 Айўан сыртқы ҳәў-
лиге қарап турған болып, оның
шығыңқы дийўаллары пальма аға-
шының сүўретлери менен безелген
еди. Дәрўазаға сегиз басқалдақлы
текше арқалы көтерилетуғын еди.

## Қурбанлықты таярлайтуғын орынлар

38 Ишки дәрўазаның айўа-
нының қапталында, бөлек бир
бөлмели жай бар еди. Жандыры-
латуғын қурбанлықлар усы жерде
жуўылатуғын еди. 39 Жандыры-
латуғын қурбанлықты, гүна ҳәм
айып қурбанлығын сойыў ушын
дәрўаза айўанының ишинде, еки
қапталда екеў-екеўден төрт стол
турды. 40 Айўанның сыртында
болса, еки тәрепте еки столдан
төрт стол болып, олар арқа дәрўа-
заға киретуғын текшеден көринип
турды. 41 Солай етип, дәрўазаның
ишки ҳәм сыртқы тәреплеринде
қурбанлықларды сойыўға арнал-
ған сегиз стол бар еди. 42 Жанды-
рылатуғын қурбанлықлар ушын
жонылған тастан қурылған жә-
не төрт стол бар еди. Ҳәр бир
столдың узынлығы ҳәм ени бир
ярым шығанақ, бийиклиги бир
шығанақ еди. Жандырылатуғын
қурбанлықларды ҳәм басқа қур-
банлықларды сойыў ушын арнал-
ған қурал-жарақлар оның үстинде
турды. 43 Айўанның дийўаллары-
на ҳәр бири төрт ели болған ил-
меклер қағылған еди. Қурбанлық
гөши болса столлар үстине қойы-
латуғын еди.

## Руўханийлердиң бөлмелери

44 Ишки дәрўазаның сыртында,
ишки ҳәўлиде еки бөлме бар еди.
Булардың биреўи арқадағы дәр-
ўазаның жанында болып, қублаға
қараған, екиншиси шығыс дәрўаза-
ның жанында болып, арқаға қара-
ған еди. 45 Адам маған былай деди:
– Қублаға қарап турған бөлме
Ибадатханада хызмет етип атыр-
ған руўханийлерге арналған. 46 Ал
арқаға қарап турған бөлме қурбан-
лық орында хызмет етип атырған
руўханийлерге арналған. Булар Са-
доқтың урпақлары болып, оларға

Лебий урыўы арасынан Жаратқан
Ийеге хызмет етиў ушын, Оған жа-
қынласыўға рухсат етилген еди.
47 Кейин ол ишки ҳәўлини өл-
шеди. Ол төрт мүйешли болып,
узынлығы да, ени де жүз шыға-
нақ шықты. Қурбанлық орын Иба-
датхананың алдында еди.

### Ибадатхана

48 Ол мени Ибадатхананың ай-
ўанына алып келип, оның босаға-
сының еки тәрепиндеги сүтинге
уқсаған шығыңқы дийўалларын
өлшеди. Дийўаллардың қалың-
лығы бес шығанақ, ени үш шыға-
нақ шықты. 49 Айўанның өзиниң
узынлығы жигирма шығанақ, ени
он еки шығанақ еди. Айўанға он
басқалдақлы текше арқалы көте-
рилетуғын еди. Айўанның кирер
аўзының еки тәрепинде еки сү-
тин бар еди.

41 1 Кейин ол мени Мухаддес
бөлмениң қапысына алып
барып, қапының еки тәрепиндеги
дийўалларды өлшеди. Еки тәрепте-
ги дийўалдың да қалыңлығы алты
шығанақ еди. 2 Босағаның өзи он
шығанақ, еки тәрепиндеги дийўал-
лар бес шығанақтан еди. Ол Му-
хаддес бөлмени де өлшеди. Оның
узынлығы қырық шығанақ, ени
жигирма шығанақ шықты. 3 Кейин
ол ишки бөлмеге кирип, оның бо-
сағасының жақлаў дийўалларын
өлшеди. Дийўаллардың қалың-
лығы еки шығанақтан, босағаның
өзи алты шығанақ, ал еки тәреп-
тен босағаға қосылған дийўаллар-
дың узынлығы жети шығанақтан
еди. 4 Ол ишки бөлмени де өлшеди.
Оның узынлығы да, ени де жигир-
ма шығанақ еди. Ол маған:
– Бул Ең мухаддес бөлме, – деди.

### Ибадатхананың дийўалына қосып салынған бөлмелер

5 Ол Ибадатхана дийўалын өлше-
ди. Дийўалдың қалыңлығы алты
шығанақ шықты. Ибадатхананың
сыртқы дийўалына тақап, айлан-
дырып салынған бөлмелердиң ени
төрт шығанақ еди. 6 Бул бөлмелер
бириниң үстине бири үш қабат етип
салынып, ҳәр қабатта отыз бөлме-
ден бар еди. Ибадатхана дийўал-
лары шығарылыңқырап текшедей
етип өрилип, сол шығыңқыраған
жери пәрдийўал хызметин атқарды.
Солай етип, бөлмелерди бастырған
ағашлар Ибадатхана дийўалына
кирмей турды. 7 Ибадатхана дийўа-
лының төменги бөлеги жоқарыда-
ғы бөлегине қарағанда қалыңырақ
болғаны ушын жоқарыдағы бөлме-
лер кеңирек еди. Төменги қабаттан
екинши қабатқа, оннан үшинши
қабатқа көтерилетуғын еди.
8 Мен Ибадатхана әтирапына
салынған усы бөлмелердиң тыр-
нағын көрдим. Оның бийиклиги
бир таяқ, яғный алты шығанақ
еди. 9 Бөлмелердиң сыртқы дий-
ўалының қалыңлығы бес шыға-
нақ еди. Ибадатхана айланасында
айланып турған бөлмелер менен
10 руўханийлердиң бөлмелериниң
арасындағы аралықтың ени жигир-
ма шығанақ еди. 11 Бөлмелердиң
қубла ҳәм арқа тәрепинде ашық
майданға қараған есиклери бар еди.
Бөлмелер әтирапындағы сыртқа
шығыңқырап турған тырнақтың
ени бес шығанақ еди.

### Ибадатхананың батысындағы имарат

12 Ибадатхананың артындағы,
яғный батыс тәрепиндеги ашық
майданда ени жетпис шығанақ,
узынлығы тоқсан шығанақ, дий-
ўалының қалыңлығы бес шығанақ
болған үлкен бир имарат бар еди.

### Ибадатханаға тийисли улыўма өлшемлер

13 Кейин ол Ибадатхананы өлше-
ди. Ибадатхананың узынлығы жүз
шығанақ шықты. Ибадатхананың
артындағы ашық майдан, арт бет-
теги имарат ҳәм оның дийўалы жүз
шығанақ шықты. 14 Ибадатхана-
ның алдынғы тәрепиндеги, яғный
шығыс тәрепиндеги ашық майдан-
ның ени жүз шығанақ шықты. 15 Ол
Ибадатхананың артындағы ашық
майданға қарап турған имараттың
узынлығын өлшеди. Имарат пенен
оның еки қапталындағы дәлизлер-
диң узынлығы жүз шығанақ шықты.

### Ибадатхананың ишки қурылысы

Ибадатхананың иши ҳәм оның
айўаны, 16 босағалар, айна тәриз-
ли ойықлар ҳәм қосымша исленген
ернеклер табалдырықтың алдынан
ҳәм еденнен айна тәризли ойық-
ларға шекем ағаш пенен қаплан-
ған еди. Айна тәризли ойықларға
да ағаштан ислеў берип қаплан-
ған еди. 17 Ибадатхана ҳәм айўан-
ның ишиндеги ҳәмме дийўаллары,
қапылардың жоқарысы, 18 керуб-
лардың ҳәм пальма ағашының сүў-
ретлери салынған тахталар менен
қапланған еди. Ҳәр еки керубтың
ортасында бир пальма ағашының
сүўрети салынған болып, ҳәр бир
керубтың еки бет-әлпети бар еди.
19 Пальма ағашына бир тәрептен
керубтың адамның бет-әлпети-
не уқсаған жүзи, екинши тәреп-
тен арысланға уқсаған жүзи қарап
турған еди. Бундай сүўретлер Иба-
датхананың ишки дийўалларын
айландырып, 20 еденнен қапылар-
дың үстилерине шекем исленген
еди. 21 Мухаддес бөлмениң қапы-
сының жақлаўлары төрт мүйешли
еди. Ең мухаддес бөлмениң қапы-
сының жақлаўлары да сондай еди.
22 Узынлығы ҳәм ени еки шығанақ,
бийиклиги үш шығанақ болған
ағаштан исленген бир қурбанлық
орын бар еди. Оның мүйешлери,
тийкары ҳәм қапталлары ағаш-
тан исленген еди. Сол адам маған:
– Бул Жаратқан Ийениң алдын-
дағы стол, – деди.

23 Мухаддес бөлмениң де, Ең му-
хаддес бөлмениң де жарма қапысы
бар еди. 24 Олардың ҳәр бир тә-
репи еки тахтадан ибарат болып,
жыйналмалы етип исленген еди.
25 Мухаддес бөлмениң қапылары-
на дийўаллардағыдай керублар ме-
нен пальма ағашының сүўретлери
салынған еди. Айўанның алдына
ағаш шертек қурылған еди. 26 Ай-
ўанның еки тәрепиндеги дийўал-
ларда айна тәризли ойықлар ҳәм
пальма ағашының сүўретлери бар
еди. Ибадатхананың қосымша бөл-
мелеринде де шертеклер бар еди.

### Руўханийлердиң бөлмелери

42 1 Адам мени арқадағы жол
арқалы сыртқы ҳәўли-
ге алып шығып, руўханийлердиң

бөлмелерине алып барды. Бул
бөлмелер ашық майданның ҳәм
Ибадатхананың артындағы жай-
дың арқа тәрепинде жайласқан еди.
2 Бөлмелердиң есиги арқаға қарап
турған болып, имараттың узынлы-
ғы жүз шығанақ, ени елиў шыға-
нақ еди. 3 Имараттың бир тәрепи
ишки ҳәўлиниң ени жигирма шы-
ғанақ болған ашық жерине, екин-
ши тәрепи сыртқы ҳәўлидеги тас
төселген жолға қарап турған еди.
Имарат үш қабат қылып қурылған
болып, оның қаптал дәлизлери бар
еди. 4 Имараттың алдында ени он
шығанақ, узынлығы жүз шығанақ*
болған аяқ жол болып, сол жол ар-
қалы имаратқа кириўге болатуғын
еди. Бөлмелердиң қапылары арқа-
ға қарай ашылатуғын еди. 5 Үшин-
ши қабаттағы бөлмелер екинши
қабаттағыға, екинши қабаттағы
бөлмелер биринши қабаттағыға
қарағанда тарлаў еди. Себеби үс-
тинги қабаттағы бөлмелердиң дә-
лизлери көбирек орын алып турған
еди. 6 Усы үш қабатлы имаратта
ҳәўлилердегидей сүтинлер болма-
ды. Сонлықтан жоқарғы қабаттағы
бөлмелер төменги қабаттағы бөл-
мелерден тар еди. 7 Бөлмелер сырт-
қы ҳәўлиден дийўал арқалы
ажыратылып турды. Дийўал бөл-
мелердиң алдында елиў шыға-
наққа созылып жатты. 8 Сыртқы
ҳәўлидеги бөлмелердиң узынлығы
елиў шығанақ, ал Ибадатхана тә-
рептеги бөлмелердиң узынлығы
жүз шығанақ еди. 9 Сыртқы ҳәўли-
ден төменги бөлмелерге киретуғын
аўыз шығыс тәрепте жайласқан еди.
10 Бул аўыз ҳәўлиниң дийўалы бас-
ланған жерде еди.

Ибадатхананың қубла* тәрепин-
де де руўханийлердиң бөлмелери
бар еди. Олар ашық майданның ҳәм
Ибадатхананың артындағы има-
раттың қубла тәрепинде жайлас-
қан еди. 11 Бөлмелердиң алдында
аяқ жол бар еди. Бул бөлмелер-
диң узынлығы да, ени де, барлық
есиклери де, жайласыўы да арқа
тәрептеги бөлмелер менен бир-
дей көринисте еди. 12 Қубладағы
бөлмелерге шығыстан, дийўалды
бойлап турған жолдың басланған
жеринен киретуғын еди.

13 Адам маған былай деди:
– Ашық майданның арқасындағы
ҳәм қубласындағы бөлмелер – му-
хаддес бөлмелер. Жаратқан Ийеге
жақынласатуғын руўханийлер ең
мухаддес затларды сол жерде жей-
ди. Ең мухаддес қурбанлықларды –
ғәлле садақаларын, гүна ҳәм айып
қурбанлықларын сол жерге қояды.
Себеби ол жер мухаддес. 14 Руўха-
нийлер мухаддес орыннан сыртқы
ҳәўлиге туўры шығып кетпеўи ти-
йис. Олар хызмет ўақтында кийген
кийимлерин усы жерге шешип қо-
йыўы керек. Себеби бул кийимлер
мухаддес. Халықтың алдына шық-
пасынан алдын, руўханийлер ки-
йимлерин өзгертиўи керек.

## Ибадатхана аймағы

15 Ол Ибадатхананың ишки жа-
ғындағы өлшемлерди алып болған-
нан соң, мени шығыстағы дәрўаза
арқалы алып шығып, Ибадатхана
дөгерегиндеги сыртқы аймақты
өлшей баслады. 16 Ол өлшейтуғын
таяқ пенен шығыс тәрепти өлше-
ди. Ол бес жүз шығанақ шықты.
17 Арқа тәрепти өлшеди, ол бес жүз

шығанақ шықты. 18 Қубла тәреп-
ти өлшеди, ол да бес жүз шығанақ
шықты. 19 Кейин батысқа айланып,
оны өлшеди, ол да бес жүз шығанақ
шықты. 20 Усылайынша, ол Иба-
датхана аймағының төрт тәрепин
өлшеп шықты. Мухаддес орынды
мухаддес емес орыннан ажыратып
туратуғын дийўал бар еди. Оның
узынлығы да, ени де бес жүз шы-
ғанаққа тең еди.

## Жаратқан Ийениң салтанатының Ибадатхананы толтырыўы

43 1 Кейин адам мени шығыс-
қа қарап турған дәрўазаға
алып келди. 2 Мине, Израилдың
Қудайының салтанаты шығыс тә-
рептен кирип келди. Даўысы күш-
ли аққан суўлардың гүмбирлиси
яңлы еди. Салтанатынан жер жү-
зи нурға толып турды. 3 Бул аян
Қудай Ерусалимди набыт қылыў-
ға келгенинде ҳәм Кебар каналы
бойында болғанымда көрген аян-
ларыма уқсар еди. Мен жерге ет
бетимнен жығылдым. 4 Жаратқан
Ийениң салтанаты шығысқа қа-
раған дәрўазадан Ибадатханаға
кирди. 5 Рууҳ мени көтерип, ишки
ҳәўлиге алып келди. Мен Ибадат-
хананың Жаратқан Ийениң салта-
натына толып турғанын көрдим.
6 Адам қасымда турғанында,
Ибадатханадан маған сөйлеген
даўысты еситтим. 7 Ол былай деди:
– Инсан улы, бул орын Мениң
тахтым туратуғын ҳәм табан ти-
рейтуғын жерим. Усы жерде, Из-
раил халқының арасында мәңгиге
боламан. Буннан былай, Израил
халқы да, патшалары да, өзлериниң
опасызлығы менен ҳәм марҳум
патшаларына сыйыныўы менен
мухаддес атымды ҳарамламайту-
ғын болады. 8 Олар босағасын бо-
сағамның қасына, қапыларының
жақлаўларын Мениң қапы жақ-
лаўларымның қасына қурды. Ме-
ниң менен олардың арасында тек
ғана бир дийўал бар еди. Олар ис-
леген жеркенишли ислери арқалы
Мениң мухаддес атымды ҳарамла-
ды. Сонлықтан ғәзеп пенен оларды
жоқ қылдым. 9 Енди Израил халқы
опасызлықларын ҳәм марҳум пат-
шаларына сыйыныўды Меннен аў-
лақ қылсын. Сонда Мен олардың
арасында мәңгиге мәкан басаман.
10 Инсан улы, усы Ибадатхана
туўралы Израил халқын хабар-
дар қыл. Олар ислеген гүналары-
нан уялсын, мына Ибадатхананың
жобасы менен танысып шықсын.
11 Егер олар ислеген барлық ис-
леринен уялып, пушайман болса,
онда оларға Ибадатхананың кöри-
нисин, жайласыў тәртибин, кире-
туғын ҳәм шығатуғын жерлерин,
оның қурылысы менен дүзилисин
ҳәм тәртип-қағыйдаларын көрсет.
Оның қурылысы менен қағыйдала-
рын сақлаўы ҳәм оларға әмел қы-
лыўы ушын, булардың ҳәммесин
олардың көз алдына жазып қой.
12 Ибадатхана нызамы мынадай:
таўдың төбеси ҳәм оның әтира-
пындағы аймақ – жүдә мухаддес!
Ибадатхана нызамы мине усындай!

## Қурбанлық орын

13 Ибадатханадағы қурбанлық
орынның өлшемлери бир шыға-
нақ ҳәм қосымша төрт ели тура-
туғын узынырақ шығанақ пенен

өлшенеди. Қурбанлық орынның ай-
наласында тереңлиги бир шығанақ,
ени бир шығанақ, ернегиниң ени бир
қарыс болған салмаша болады. Қур-
банлық орынның бийиклиги мына-
дай: 14 Қурбанлық орынның төменги
бөлегиниң бийиклиги салмашаның
түбинен өлшегенде еки шығанақ, үс-
тинги тәрепиниң екинши бөлектиң
түбине дейинги аралығы бир шыға-
нақ. Ортадағы бөлектиң бийиклиги
төрт шығанақ, үстинги тәрепиниң
үшинши бөлектиң түбине дейинги
аралығы бир шығанақ. 15 Ең үстинги
үшинши бөлектиң, яғный қурбан-
лық жағылатуғын орынның бийик-
лиги төрт шығанақ болып, оннан
төрт шақ шығып турады. 16 Қурбан-
лық орынның ошағының узынлы-
ғы да, ени де он еки шығанақ болып,
төрт мүйешлик көринисинде бо-
лады. 17 Ортадағы бөлегиниң төрт
тәрепи де он төрт шығанақтан еди.
Қурбанлық орынның түбиндеги
салмашаның ернегиниң бийиклиги
ярым шығанақ болады. Дөгерегине
айландырып исленген салмашаның
тереңлиги бир шығанақ еди. Қур-
банлық орынның текшеси шығыс
тәрепте болады.

18 Адам маған былай деди:
– Инсан улы! Қудай Ийе бы-
лай дейди: «Қурбанлық орынды
қурғаннан кейин, оның үстинде
жандырылатуғын қурбанлықты
усыныў ҳәм қан серпиў қағыйда-
лары мынадай: 19 Маған хызмет
етиў ушын жаныма жақынласа
алатуғын Садоқ нәсилинен бол-
ған лебийли руўханийлерге гү-
на қурбанлығы ретинде бир буға
бер, – дейди Қудай Ийе. 20 – Бу-
ғаның қанын алып, қурбанлық
орынның төрт шақына сүртип, жо-
қарғы бөлектиң төрт мүйешине ҳәм
ернеклерине айландырып серпип
шықсын. Усылайынша қурбанлық
орын тазаланып, пәкленеди. 21 Ке-
йин гүна қурбанлығы ушын ша-
лынған буғаны Мухаддесхананың
сыртындағы арнаўлы орынға алып
барып, өртеп жиберсин.

22 Екинши күни гүна қурбанлы-
ғы ушын минсиз теке усынылсын.
Буғаның қаны менен тазаланға-
ны сыяқлы, текениң қаны менен
де қурбанлық орын тазалансын.
23 Қурбанлық орынды пәклеген-
нен соң, минсиз буға менен қош-
қарды 24 Жаратқан Ийениң, Мениң
алдыма алып кел. Руўханийлер
оларға дуз сеўип, оларды жанды-
рылатуғын қурбанлық қылып Ма-
ған усынсын.

25 Жети күн даўамында, ҳәр кү-
ни минсиз бир текени гүна қур-
банлығы қылып усынсын. Және де,
минсиз бир буға менен минсиз бир
қошқарды да қурбанлыққа усын-
сын. 26 Усы жети күн даўамында
руўханийлер қурбанлық орынды
пәклеп тазаласын. Кейин оны пай-
даланыўға болады. 27 Жети күн та-
мам болғаннан кейин, сегизинши
күннен баслап руўханийлер жанды-
рылатуғын қурбанлықларыңызды
ҳәм татыўлық қурбанлықларыңыз-
ды қурбанлық орында усынады.
Сонда Мениң сизлерге кеўлим то-
лады, – дейди Қудай Ийе».

### Шығыс дәрўазаның ўазыйпасы

44 1 Сол адам мени қайтадан
Мухаддесхананың шығы-
сындағы сыртқы дәрўаза жанына

алып барды. Дәрўаза жабық еди.
2 Жаратқан Ийе маған былай деди:
– Бул дәрўаза бәркулла жабық турсын, ашылмасын, буннан ҳеш ким кирмесин. Себеби Мен, Израилдың Қудайы Жаратқан Ийе буннан кирдим, сонлықтан ол жабық ҳалында қалады.
3 Тек ҳүкимдар ғана Мениң алдымда қурбанлық асынан жеў ушын бул имаратқа киреди. Ол айўан арқалы кирип, сол жол менен шығып кетеди.

### Ибадатханадағы хызмет туўралы

4 Кейин ол адам мени арқадағы дәрўаза арқалы Ибадатханаға алып келди. Мен Ибадатхананың Жаратқан Ийениң салтанатына толып турғанын көрдим ҳәм ет бетимнен жерге жығылдым.
5 Жаратқан Ийе маған былай деди:
– Инсан улы, көрген ҳәм еситкенлериңе дыққатлы бол. Мен саған Жаратқан Ийениң Үйиниң қағыйдалары ҳәм нызамлары туўралы айтаман. Ибадатханаға кимлердиң кирип-шығыўына болатуғынына
дыққатлы бол. 6 Қозғалаңшы Израил халқына айт: «Қудай Ийе былай дейди: Израил халқы, жетер енди, жеркенишли ислериңизди тоқтатың!
7 Қурбанлықтың қаны менен майын аўқат сыпатында Маған усынғаныңызда, жүреги ҳәм денеси сүннет етилмеген жат жерлилерди Мухаддесханама алып кирип, оны ҳарамладыңыз. Жеркенишли ислериңиз бенен келисимимди
буздыңыз. 8 Мухаддес затларымды қорғаўға байланыслы талапларымды орынламадыңыз. Бул затларға қараў ушын өзлериңиздиң орныңызға жат жерлилерди хызметке қойдыңыз.
9 Қудай Ийе былай дейди: Жүреги ҳәм ети сүннет етилмеген бирде бир жат жерли, ҳәтте, ол израиллылар арасында жасаса да Мухаддес мәканыма кирмеўи керек.

10 Израил жолдан азып, бутларға табынып кеткенде, оларға қосылып Меннен жүз бурған лебийлилер өз гүнасының жазасын тартады.
11 Олар Мухаддес мәканымда хызмет ете береди: дәрўазада қараўыл болады, Ибадатханаға байланыслы хызметлерди атқарады. Жандырылатуғын қурбанлықларды ҳәм басқа қурбанлықларды сояды, халыққа хызмет етеди.
12 Бирақ бутларға табынып жүрген Израил халқына хызмет етип, оларды гүнаға баслағаны ушын ант ишемен, – дейди Қудай Ийе, – олар өз айыбының жазасын тартады.
13 Олар руўханий болып Маған жақынласпайды, мухаддес затларыма ҳәм ең мухаддес затларыма қол тийгизбейди. Ислеген жеркенишли ислери ушын уятқа қалады.
14 Деген менен, Ибадатхана менен байланыслы хызметти ҳәм ол жерде исленетуғын барлық әпиўайы ислерди оларға жүклеймен.

15 Израил халқы Меннен жүз бурып кеткенде, Мухаддесхананың хызметин садықлық пенен атқарған Садоқ нәсилинен болған лебийли руўханийлер хызмет етиў ушын Маған жақынласады. Қурбанлықтың майын ҳәм қанын усыныў ушын Мениң алдымда турады, –
дейди Қудай Ийе. 16 – Тек олар ғана Мухаддесханама кирип, Маған хызмет етиў ҳәм талапларымды

орынлаў ушын дастурханыма жа-
қынласады.
17 Руўханийлер ишки ҳәўлиниң
дәрўазасынан кирерде, зығыр-
дан тигилген кийим кийип алсын.
Ишки ҳәўлиде ямаса Ибадатха-
на ишинде хызмет қылғанында
үстине жүнли кийим киймесин.
18 Басларына зығыр сәлле орасын
ҳәм зығыр диз кийим кийип ал-
сын. Терлететуғын кийим кийме-
син. 19 Сыртқы ҳәўлиге, халықтың
алдына шықпастан алдын хызмет
ўақтында кийген кийимлерин ше-
шип, мухаддес бөлмелерде қалды-
рып, басқа кийим кийсин. Халық
олардың мухаддес кийимлерине
тийип кетпесин.
20 Руўханийлер шашларын пәки
менен алдырмаўы ҳәм узын етип
өсирмеўи керек. Ал шашларын бәр-
қулла келтертип турсын. 21 Ишки
ҳәўлиге киргенде бирде бир руўха-
ний шарап ишпеўи керек. 22 Олар
жесирге де, ажырасқан ҳаялға да
үйленбеўи керек. Тек ғана Изра-
ил нәсилинен болған қызларға ҳәм
руўханийден қалған жесирге үйле-
ниўи мүмкин.
23 Руўханийлер халқыма му-
хаддес нәрсе менен мухаддес емес
нәрсениң, ҳарам менен ҳадалдың
айырмашылығын үйретсин. 24 Даў-
лы мәселелерде қазылық етип,
Мениң нызамларыма сай қарар
шығарсын. Мен белгилеген бай-
рамларға байланыслы көрсетпе-
леримди ҳәм қағыйдаларымды
қадағаласын. Шаббатымды му-
хаддес сақласын. 25 Олардан ҳеш
бири өли денеге жақынлап, өзин
ҳарамламасын. Тек ата-анасы, ул-
қызы, аға-иниси ямаса турмысқа
шықпаған әжапа ҳәм қарында-
сы өлсе ғана, руўханий өлиге жа-
қынлап, өзин ҳарамлаўы мүмкин.
26 Руўханий тазаланыў рәсиминен
өткеннен кейин, және жети күн кү-
тиўи керек. 27 Ол Мухаддес орында
хызмет етиў ушын ишки ҳәўлиге
кирген күни, өзи ушын гүна қур-
банлығын бериўи керек, – дейди
Қудай Ийе.
28 – Руўханийлерге Израил же-
ринен үлес берилмесин. Олардың
мийрасы да, үлеси де Мен боламан.
29 Олар ғәлле садақаларынан, гүна
ҳәм айып қурбанлықларынан жей-
ди. Израилда толығы менен Маған
бағышланған ҳәр бир нәрсе олар-
ға тийисли болады. 30 Қамырдың
биринши зуўаласынан жабылған
нанлар ҳәм барлық сыйларыңыз
руўханийлердики болады. Үйи-
ңизде берекет болыўы ушын, бий-
дайдың дәслепки тартылған унын
руўханийлерге бериң. 31 Ҳарам өл-
ген яки жыртқыш ҳайўан талаған
қустың ҳәм ҳайўанның гөшин жеў
руўханийлерге қадаған етиледи».

## Жаратқан Ийениң үлеси

45 1 «Израил жерин урыўлар-
ға бөлгениңизде, узынлы-
ғы жигирма бес мың шығанақ, ени
жигирма мың шығанақ* болған
бир бөлек жерди мухаддес аймақ
сыпатында Жаратқан Ийе ушын
ажыратың. Бул жер толығы менен
мухаддес саналсын. 2 Сол жердиң
бес жүз шығанаққа бес жүз шыға-
нақ болған төрт мүйешли жери Му-
хаддесхана ушын ажыратылсын.
Оның әтирапын айланған елиў
шығанақлық ашық майдан болсын.
3 Мухаддес аймақтан узынлығы

жигирма бес мың шығанақ, ени он мың шығанақ болған бир бөлек өлше. Мухаддесхана жайласқан бул жер жүдә мухаддес жер болады. 4 Жердиң бул мухаддес бөлеги Жаратқан Ийеге жақынласатуғын руўханийлерге, яғный Мухаддесханада хызмет ететуғын руўханийлерге тийисли болады. Бул бөлекте Мухаддесхана ушын мухаддес орын ҳәм руўханийлердиң үйлери болады. 5 Узынлығы жигирма бес мың шығанақ, ени он мың шығанақ болған мухаддес аймақтың екинши ярымы Ибадатхана хызметиндеги лебийлилерге жасайтуғын қалаларын қурыў ушын мүлик етип бериледи. 6 Мухаддес аймақтың қапталынан ени бес мың шығанақ, узынлығы жигирма бес мың шығанақ болған жерди қала ушын ажыратың. Бул жер пүткил Израил халқына тийисли болады».

## Ҳүкимдар ушын жер

7 «Мухаддес аймақ пенен қала аймағының еки қапталындағы жерлер ҳүкимдарға берилсин. Ол батыс тәрептен батысқа, шығыс тәрептен шығысқа қарай созылып, оның узынлығы батыстан шығысқа шекем созылған Израил урыўларына ажыратылған жердиң узынлығына тең болады. 8 Бул Израилда ҳүкимдардың үлеси болады. Буннан былай, ҳүкимдарларым халқыма зулымлық қылмайды. Израил урыўлары өз жерлерине өзлери ийелик қылады».

## Өлшем бирликлери

9 «Қудай Ийе былай дейди: Жетер енди, Израил ҳүкимдарлары! Зорлық-зомбылықты ҳәм езиўшиликти тоқтатың. Әдалат ҳәм туўрылықты жүзеге асырың. Халқымды өз ийелигинен қуўып шығарыўды тоқтатың, – дейди Қудай Ийе. 10 – Тәрезиңиз туўры болсын, сыйымлылықты өлшейтуғын эфа[a] ҳәм суйықлықты өлшейтуғын бат[b] ыдысларыңыз дурыс өлшемде болсын. 11 Эфа менен баттың сыйымлылық көлеми бирдей болсын. Эфа да, бат та хомердиң оннан бир бөлегине[c] тең болсын. Эфа ушын да, бат ушын да хомер үлги болып белгиленсин. 12 Бир шекел жигирма герағa[d] тең болсын, жигирма шекел, жигирма бес шекел ҳәм он бес шекел қосылып бир минаны[e] қурасын».

## Салықлар

13 «Беретуғын салығыңыз мынадан ибарат: бийдайдың алпыстан бир бөлеги, арпаның алпыстан бир бөлеги, 14 зәйтүн майының жүзден бир бөлеги. Майды өлшегенде баттан пайдаланың, он бат бир хомерге, яғный бир корға[f] туўры келеди. 15 Сондай-ақ Израил жайлаўындағы еки жүз қойдан биреўи

---

a **45:10** *Эфа* – бир эфа шама менен 22 л.
b **45:10** *Бат* – бир бат шама менен 22 л.
c **45:11** *Хомер* – бир хомер шама менен 220 л.
d **45:12** *Гера* – бир гера шама менен 0,5 гр.
e **45:12** *Мина* – бир мина шама менен 550 гр.
f **45:14** *Кор* – бир кор шама менен 220 л.

ҳүкимдарға берилсин. Булар ғәлле
садақасы, жандырылатуғын қур-
банлық ҳәм татыўлық қурбанлығы
болып, гүнадан пәклениў ушын бе-
риледи, – дейди Қудай Ийе. 16 – Ел-
деги пүткил халық бул салықларды
Израил ҳүкимдарына бериўи ке-
рек. 17 Ҳүкимдар Израилда барлық
байрамларда – үлкен байрамлар-
да, жәнe де Жаңа ай байрамында
ҳәм Шаббат күнлеринде жандыры-
латуғын қурбанлықларды, ғәлле
садақаларын ҳәм ишимлик сада-
қаларын тәмийинлеўи шәрт. Ол
Израил халқын пәклеў ушын бери-
летуғын гүна қурбанлығын, ғәлле
садақасын, жандырылатуғын қур-
банлықты ҳәм татыўлық қурбан-
лығын алып келеди.

18 Қудай Ийе былай дейди: Би-
ринши айдың биринши күни
минсиз бир буға алып, Мухаддес-
хананы пәкле. 19 Руўханий гүна
қурбанлығының қанынан алып,
оны Ибадатхана қапыларының
жақлаўларына, қурбанлық орын-
ның үстиниң төрт мүйешине, ишки
ҳәўлиге киретуғын дәрўазалардың
жақлаўларына жақсын. 20 Халық-
тың билмей ҳәм абайламай қылған
гүналары ушын жетинши күни де
солай ислеңлер. Усылайынша Иба-
датхананы пәклең.

21 Биринши айдың он төртин-
ши күни Қутқарылыў байрамын
байрамлаң, бунда жети күн даўа-
мында ашытқысыз нан жеўиңиз
керек.[a] 22 Байрамның биринши
күни ҳүкимдар өзиниң ҳәм ха-
лықтың гүнасы ушын бир буғаны
гүна қурбанлығы ушын усынады.
23 Байрамның жети күни даўамын-
да ҳәр күни ҳүкимдар Маған мин-
сиз жети буға менен минсиз жети
қошқарды жандырылатуғын қур-
банлық етип ҳәм ҳәр күни бир те-
кени гүна қурбанлығы етип бериўи
керек. 24 Қурбанлық қылынатуғын
ҳәр бир буға ҳәм ҳәр бир қошқар
менен бирге ғәлле садақасы сыпа-
тында бир эфадан ун ҳәм ҳәр бир
эфа ушын бир ҳиннен зәйтүн ма-
йын берсин.

25 Жетинши айдың он бесинши
күни басланатуғын Қос байрамы
ушын да ҳүкимдар жети күн да-
ўамында берилетуғын гүна қур-
банлықларын, жандырылатуғын
қурбанлықларды, ғәлле садақа-
ларын ҳәм зәйтүн майын берсин».[b]

**46** 1 «Қудай Ийе былай дейди:
Ишки ҳәўлиге алып кире-
туғын шығыс тәрептеги дәрўаза ал-
ты жумыс күни даўамында жабық
турсын. Ал Шаббат күни ҳәм Жаңа
ай байрамы күни ашылсын. 2 Ҳү-
кимдар дәрўаза имаратының ай-
ўаны арқалы дәрўазаның ишинен
өтип, дәрўазаның жақлаўларының
жанында турсын. Руўханий оның
жандырылатуғын ҳәм татыўлық
қурбанлықларын усынып атыр-
ғанда, ҳүкимдар айўан босағасын-
да турып сыйынсын. Кейин келген
жолы менен шығып кетсин. Бирақ
дәрўаза кешке шекем ашық турсын.
3 Ҳәр Шаббат ҳәм Жаңа ай байра-
мы күни Израил халқы усы дәрўа-
за алдында турып, Жаратқан Ийеге

---

[a] **45:21** Шығ 12:1-20.
[b] **45:25** Леб 23:33-43.

сыйынсын. 4 Шаббат күни ҳүким-
дар Жаратқан Ийеге минсиз алты
тоқлы менен минсиз бир қошқар-
ды жандырылатуғын қурбанлық
ушын алып келсин. 5 Қошқарға қо-
сып, ғәлле садақасы ушын бир эфа
ун берсин. Ал тоқлылар менен бир-
ге қәлеген муғдарда ун берсин. Ҳәр
бир эфа унға бир ҳин муғдарда зәй-
түн майын қосып берсин. 6 Жаңа
ай байрамы күни минсиз бир буға,
алты тоқлы ҳәм бир қошқар берсин.
7 Ғәлле садақасы ушын буғаға қо-
сып бир эфа, қошқарға қосып бир
эфа ун алып келсин. Ал тоқлылар
менен бирге қәлеген муғдарда ғәл-
ле садақасын берсин. Ҳәр бир эфа
ун ушын бир ҳин зәйтүн майын қо-
сып берсин. 8 Ҳүкимдар ишке кир-
генде, дәрўаза имаратының айўаны
арқалы кирсин ҳәм сол жол менен
қайтып шықсын.

9 Белгиленген байрамларда үлке
халқы сыйыныў ушын Жаратқан
Ийениң алдына келгенде, арқадағы
дәрўазадан киргенлери қубладағы
дәрўазадан, қубладағы дәрўазадан
киргенлери арқадағы дәрўазадан
шығып кетсин. Ҳәр бир адам кир-
ген дәрўазасынан қайтып шықпай,
қарама-қарсы дәрўазадан шығып
кетиўи керек. 10 Ҳүкимдар олардың
арасында болыўы керек. Халық
киргенде кириўи, халық шыққан-
да шығыўы керек.

11 Үлкен байрамларда ҳәм бел-
гиленген байрамларда қурбан-
лық қылынатуғын ҳәр бир буға
ҳәм ҳәр бир қошқар менен бирге
бир эфадан ғәлле садақасы берile-
ди. Тоқлылар менен бирге қәлеген
муғдарда ғәлле садақасы бериледи.
Ҳәр бир эфа ун менен бирге бир ҳин
зәйтүн майы бериледи. 12 Ҳүкимдар
Жаратқан Ийеге ықтыярлы түрде
жандырылатуғын қурбанлық яма-
са татыўлық қурбанлығын бермек-
ши болса, оған шығысқа қараған
дәрўаза ашылсын. Бул қурбанлық-
ларды ол Шаббат күни беретуғын
қурбанлықлардай етип усынсын.
Кейин ол сыртқа шығып кетеди
ҳәм дәрўаза жабылады».

### Күнделикли қурбанлықлар

13 «Ҳәр күни азанда бир жасар
минсиз бир тоқлыны жандыры-
латуғын қурбанлық етип алып ке-
лип, оны Жаратқан Ийеге усының.
14 Оның менен бирге ҳәр күни азан-
да ғәлле садақасы ушын эфаның
алтыдан бир бөлеги муғдарында
сапалы ун ҳәм унға араластырыў
ушын ҳинниң үштен бир бөлеги
муғдарында зәйтүн майы берил-
син. Ғәлле садақасының Жаратқан
Ийеге усыныў қағыйдасы мәңгиге
усындай болады. 15 Тоқлы, ғәлле
ҳәм зәйтүн майы жандырылатуғын
қурбанлық ушын ҳәр күни азанда
үзликсиз түрде алып келинсин».

### Ҳүкимдардың жер мүлки туўралы нызам

16 «Қудай Ийе былай дейди: Егер
ҳүкимдар өз ийелигинен уллары-
ның бирине жер саўға қылса, бул
жер оның әўладларына да мийрас-
қа өтип, олардың мийрасы болады.
17 Егер ҳүкимдар хызметшилери-
ниң бирине жер саўға қылса, хыз-
метши бул жерге Қутлы жылға[a]

---

[a] **46:17** Леб 25:8-17; 27:17-24.

дейин ғана ийелик қыла алады.
Кейин жер ҳүкимдарға қайтарып
бериледи. Ҳүкимдардың жери тек
оның балаларына ғана мийрасқа
өте алады. 18 Ҳүкимдардың халық-
ты жерден қуўып шығарып, олар-
дың жерин тартып алыўға ҳақысы
жоқ. Ол тек өз жеринен балаларына
мийрас ажыратыўы мүмкин. Хал-
қымның ҳеш бири өз жеринен қу-
ўып шығарылмасын».

### Ибадатхана асханасы

19 Кейин адам мени дәрўаза
жанындағы жол арқалы руўха-
нийлерге арналған, арқаға қарап
турған мухаддес бөлмелерге алып
келди. Сол жерден батыстағы ең
шетки орынды көрсетти. 20 Ол бы-
лай деди:
– Бул жерде руўханийлер айып
ҳәм гүна қурбанлықларының гө-
шин писиреди ҳәм ғәлле садақа-
сының нанын жабады. Халықтың
мухаддес азық-аўқатларға тийип
кетпеўи ушын, оларды сыртқы ҳәў-
лиге шығармаўы керек.
21 Кейин ол мени сыртқы ҳәўлиге
шығарып, ҳәўлиниң төрт мүйешине
алып барды. Ҳәр бир мүйеште қор-
шалған бир орын бар еди. 22 Ҳәўли-
ниң ҳәр бир мүйешинде өлшемлери
бирдей болған, узынлығы қырық
шығанақ, ени отыз шығанақ бол-
ған үсти жабық орынлар бар еди.
23 Олардың ҳәммеси дийўал менен
айландырылған болып, дийўалдың
иши бойлап ошақлар қурылған еди.
24 Адам маған былай деди:
– Булар асханалар. Онда Ибадат-
хана хызметшилери халықтың
алып келген қурбанлық гөшле-
рин писиреди.

### Ибадатханадан ағып шыққан дәрья

47 1 Кейин ол мени қайта-
дан Ибадатхана қапысына
алып барды. Ибадатхана шығысқа
қарап турған еди. Мен Ибадатха-
на босағасының астынан шығысқа
қарай суў ағып турғанын көрдим.
Суў Ибадатхананың қубла тәрепи-
нен шығып, қурбанлық орынның
қубласы арқалы ағып турған еди.
2 Адам мени арқа дәрўаза арқалы
алып шықты ҳәм сырт жақ пенен
айланып, шығысқа қарап турған
сыртқы дәрўазаға алып барды. Суў
қубла тәрептен ағып турған еди.
3 Адам қолындағы өлшеўиш жи-
би менен шығысқа қарай жүрди
де, мың шығанақ аралықты өл-
шеди. Кейин мени суўға түсирди.
Суў тобығыма келип турды. 4 Ол
тағы мың шығанақ аралықты өл-
шеп, мени арманырақ алып барды.
Суў диземе келди. Және мың шы-
ғанақ аралықты өлшеп, мени жә-
не де арманырақ алып барды. Енди
суў белиме дейин келди. 5 Кейин
ол және мың шығанақ аралықты
өлшеп алды. Бул жерде суў мен
өте алмайтуғын дәрьяға айланды.
Суў көтерилип, жүзип өтпесе, ке-
шип өте алмайтуғын дәрьяға ай-
ланған еди.
6 Ол меннен:
– Инсан улы, мынаны көрип тур-
саң ба? – деп сорады. Кейин мени
жағаға алып шықты. 7 Жағаға шық-
қанымда, мен еки жағада да көп те-
реклердиң өсип турғанын көрдим.
8 Ол маған былай деди:
– Бул суў шығысқа қарай ағып,
Иордан тегислиги арқалы Өли

теңизге қуяды. Сонда теңиздиң
суўы душшы болады. 9 Дәрья ағып
барған ҳәмме жерде тиришилик
басланады, балықлар толып та-
сады. Себеби дәрья суўы ашшы
суўды душшы суўға айландырады.
Бул суўлар ағып өткен жерлердиң
ҳәммесинде тиришилик болады.
10 Дәрья бойларында балықшылар
турып, Эн-Гедийден Эн-Эглайымға
шекемги орынларда аўларын кеп-
тиреди. Жер Орта теңизиндегидей
балықлардың түри көп болады.
11 Бирақ батпақлықлар менен шал-
шық суўлардың суўлары тазалан-
байды. Олар дуз кәни болып қала
береди. 12 Дәрьяның еки тәрепинде
ҳәр түрли миийўе ағашлары өседи,
жапырақлары солымайды, мий-
ўелери таўысылмайды, ҳәр айда
миийўе береди. Өйткени Мухаддес-
ханадан шыққан суў оларды суў-
ғарады. Миийўелери азық болады,
ал жапырақлары шыпалы болады.

### Елдиң жаңа шегаралары

13 Қудай Ийе былай дейди: «Жер-
ди Израилдың он еки урыўына
бөлип бергениңизде, мынадай қы-
лың: Юсупке еки пай берилсин.
14 Жерди урыўларға теңдей бөлип
бериңлер. Мен бул жерди ата-ба-
баларыңызға беремен деп ант иш-
тим. Бул жер сизлердиң мүлкиңиз
болады.
15 Елдиң шегарасы мынадай:
арқа шегараңыз Жер Орта теңи-
зинен басланып, Хетлон жолы ар-
қалы Лебо-Хаматтың қасы менен
Седад, 16 Берота қалаларына ҳәм
Дамаск пенен Хамат аралығында
жайласқан Сибрайым қаласына де-
йин барып, Хаўран шегарасындағы
Хасер-Ҳаттихонға дейин созыла-
ды. 17 Солай етип, шегара Жер Ор-
та теңизинен Хасар-Энонға шекем
созылады. Арқада Дамаск ҳәм Ха-
мат ийеликлери бар. Бул арқа ше-
гараңыз.
18 Шығыс шегара Хаўран ҳәм Да-
маск аралығынан басланып, Изра-
ил ҳәм Гилад жерлери арасынан
ағып өтетуғын Иордан дәрьясы
арқалы шығыстағы теңизге ба-
рып, сол жерден Тамар қаласына
дейин жетип барады. Бул шығыс
шегараңыз.
19 Қубла шегараңыз Тамар қа-
ласынан Қадештеги Мериба суў-
ларына шекем, кейин Мысыр
шегарасындағы сай бойлап барып,
Жер Орта теңизине келип тиреле-
ди. Бул қубла шегараңыз.
20 Батыс шегараңыз Жер Орта те-
ңизин бойлап барып, Лебо-Хамат-
қа қарама-қарсы жайласқан жерге
дейин созылады. Бул батыс шега-
раңыз болады.
21 Бул жерлерди Израил урыў-
ларына бөлип бериңлер. 22 Жерди
өзлериңизге ҳәм араңызда жасап
балалы болған келгиндилерге бө-
листирип бериң. Жат жерлилер
Израил урпақлары арасында жер-
гиликли турғынлар сыпатында қа-
ралсын ҳәм израиллылар менен
теңдей үлеске ийе болсын. 23 Жат
жерли қайсы урыўдың арасы-
на қоныс басқан болса, оған сол
урыўдың жеринен үлес берилсин», –
дейди Қудай Ийе.

### Урыўларға тийисли жерлер

48 1 «Мыналар урыўлардың
атлары. Дан урыўының
үлеси арқада жайласқан. Оның

шегарасы Хетлон жолы бойлап
Лебо-Хаматқа дейин барып, он-
нан Дамаск ҳәм Хамат арасындағы
арқа шегарада орналасқан Ха-
сар-Энанға дейин созылады. Дан
урыўына тийисли аймақ Израил
елиниң шығыс шегарасынан батыс
шегарасына шекем созылады.
2 Ашердиң үлеси Данның жери
менен шегараласып, шығыстан ба-
тысқа дейин созылады.
3 Нафталийдиң үлеси Ашер же-
ри менен шегараласып, шығыстан
батысқа дейин созылады.
4 Менашшениң үлеси Нафталий-
диң жери менен шегараласып, шы-
ғыстан батысқа дейин созылады.
5 Эфрайымның үлеси Менашше
жери менен шегараласып, шығыс-
тан батысқа дейин созылады.
6 Рубенниң үлеси Эфрайым ме-
нен шегараласып, шығыстан ба-
тысқа дейин созылады.
7 Яҳуданың үлеси Рубенниң же-
ри менен шегараласып, шығыстан
батысқа дейин созылады.
8 Яҳуданың шегарасынан баслап,
шығыстан батысқа дейин созылған
жерди ажыратып қойың. Оның ени
жигирма бес мың шығанақ, узын-
лығы шығыстан батысқа созылған,
урыўлардың пайына тийген жер-
диң узынлығы менен тең болсын.
Бул жердиң ортасында Мухаддес-
хана болады. 9 Жаратқан Ийеге ар-
налған жердиң узынлығы жигирма
бес мың шығанақ, ени жигирма
мың шығанақ* болады. 10 Мухаддес
аймақтың руўханийлерге тийисли
бөлегиниң арқадағы узынлығы жи-
гирма бес мың шығанақ, батыстағы
ени он мың шығанақ, шығыстағы
ени он мың шығанақ, қубладағы
узынлығы жигирма бес мың шы-
ғанақ болады. Оның ортасында
Жаратқан Ийениң Мухаддесхана-
сы болады. 11 Бул үлес Садоқ нәси-
линен шыққан ҳәм руўханийликке
тайынланған руўханийлерге ти-
йисли болады. Олар Мениң талап-
ларымды орынлады. Израил халқы
менен бирге лебийлилер де жолдан
азғанда, олар Маған садық қалды.
12 Мухаддес аймақтың жүдә мухад-
дес бөлеги руўханийлерге тийис-
ли болады. Ол жер лебийлилердиң
жерине шегаралас болады.
13 Руўханийлердиң жериниң жа-
нынан лебийлилерге берилетуғын
жердиң узынлығы жигирма бес
мың шығанақ, ени жигирма мың
шығанақ болады. Бул бөлектиң
узынлығы барлығы болып жигир-
ма бес мың шығанақ, ени жигирма
мың шығанақ болады. 14 Бул бө-
лекти сатыўға да, алмастырыўға
да болмайды. Бул елдеги ең жақ-
сы үлес болады. Оны басқа адам-
ның қолына бериўге болмайды.
Себеби бул – Жаратқан Ийениң
мухаддес жери.
15 Қалған ени бес мың шығанақ,
узынлығы жигирма бес мың шыға-
нақ болған әпиўайы жер қала үйле-
ри ҳәм жайлаўлар ушын бериледи.
Қала сол жердиң орайында жайла-
сады. 16 Қаланың өлшеми мынадай:
арқа тәрепи төрт мың бес жүз, қуб-
ла тәрепи төрт мың бес жүз, шығыс
тәрепи төрт мың бес жүз ҳәм батыс
тәрепи төрт мың бес жүз шығанақ.
17 Қала арқа, шығыс, қубла ҳәм ба-
тыс тәреплерден ени еки жүз елиў
шығанақ болған жайлаўлар менен
қоршалған болады. 18 Қаладан тыс-
қары болған, мухаддес жер менен

шегаралас турған жердиң шығыс
тәрепи де, батыс тәрепи де он мың
шығанақ болады. Бул жерде қа-
лада ислеўшилер ушын азық же-
тистириледи. 19 Израилдың ҳәмме
урыўларынан қалада ислеўшилер
бул атызларға егин егиўи мүмкин.
20 Улыўма ажыратылған жердиң
узынлығы да, ени де жигирма бес
мың шығанақтан болады, ал қала-
ға ажыратылған үлес мухаддес ай-
мақтың төрттен бирине тең болады.

21 Мухаддес аймақтың ҳәм қала-
ға қараслы бөлектиң еки тәрепин-
деги жерлер ҳүкимдарға тийисли
болады. Оның узынлығы жигирма
бес шығанақ болып, шығыс тәре-
пиндегиси шығыс шегараға, батыс
тәрепиндегиси батыс шегараға ба-
рып тақалады. Урыўларға тийис-
ли үлеске шегаралас жайласқан
бул еки аймақ ҳүкимдарға тийис-
ли болады. Мухаддес Ибадатхана
турған мухаддес аймақ олардың
ортасында болады. 22 Солай етип,
лебийлилердиң үлеси ҳәм қала
мүлки ҳүкимдардың ийелигиниң
арасында жайласады. Ҳүкимдар-
дың ийелиги Яҳуда ҳәм Бенямин
жерлериниң ортасында болады.

23 Қалған урыўларға келсек, Бен-
яминниң үлеси шығыстан батысқа
дейин созылады.

24 Шимонның үлеси Бенияминниң
үлеси менен шегараласып, шығыс-
тан батысқа дейин созылады.

25 Иссахардың үлеси Шимонның
үлеси менен шегараласып, шығыс-
тан батысқа дейин созылады.

26 Зебулонның үлеси Иссахар-
дың үлеси менен шегараласып,
шығыстан батысқа дейин созы-
лады.

27 Гадтың үлеси Зебулонның үле-
си менен шегараласып, шығыстан
батысқа дейин созылады.

28 Гадтың үлесиниң қубла шега-
расы Тамар қаласынан Қадештеги
Мериба суўларына шекем барады,
ол жерден Мысыр шегарасындағы
сай бойлап өтип, Жер Орта теңи-
зине жетеди.

29 Солай етип, Израил урыўлары-
на бөлип беретуғын үлес жерлери-
ңиз усылар», – дейди Қудай Ийе.

### Қаланың айнала дөгереги

30 «Қаланың айнала дөгереги мы-
надай болсын: узынлығы төрт мың
бес жүз шығанақ болған арқа тә-
репте 31 үш дәрўаза болсын. Қала
дәрўазалары Израил урыўлары-
ның атлары менен аталсын. Арқа
тәрептеги дәрўазалар Рубен, Яҳуда
ҳәм Лебий дәрўазалары деп атал-
сын. 32 Узынлығы төрт мың бес жүз
шығанақ болған шығыс тәрепте үш
дәрўаза болып, олар Юсуп, Беня-
мин ҳәм Дан дәрўазалары деп атал-
сын. 33 Узынлығы төрт мың бес жүз
шығанақ болған қубла тәрепте үш
дәрўаза болып, олар Шимон, Исса-
хар ҳәм Зебулон дәрўазалары деп
аталсын. 34 Узынлығы төрт мың
бес жүз шығанақ болған батыс тә-
репте үш дәрўаза болып, олар Гад,
Ашер ҳәм Нафталий дәрўазалары
деп аталсын. 35 Қаланың айлана-
сы барлығы болып он сегиз мың
шығанақ болады. Қала сол күннен
баслап „Жаратқан Ийе сол жерде“
деп аталады».

# Даниел пайғамбардың китабы

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Бул китаптың бас қаҳарманы Даниел пайғамбар. Ол еврейлердиң ақсүйеклер шаңарақларының биринде туўылып өседи ҳәм б. э. ш. 605-жылы басқа тутқынлар қатары патша Набуходоносор тәрепинен Бабилонияға сүргин қылынады. Даниел Бабилония патшасының сарайында хызмет қыла баслайды. Б. э. ш. 539-жылы Мидия ҳәм Персия ләшкерлери Бабилон тахтын ийелегеннен кейин де, Даниел сарайдағы хызметин даўам етеди.

Китаптың биринши бөлиминде (1–6 баплар) автор бизлерге жас Даниелди ҳәм оның үш достын таныстырады. Олардың шаққанлығы, уқыбы ҳәм әдеплилиги ҳаққында сөз етилип, Бабилон сарайында жүз берген ўақыялар ҳаққында бизлерди хабардар қылады. Сондай-ақ, дүнья халықларының тәғдири ҳәм Қудайдың мәңги ҳүкимдарлығы ҳаққында сөз етиледи.

Китаптың екинши бөлими (7–12 баплар) Даниелге келген аянлардан ҳәм периште оған айтқан аян мәнислериниң түсиндирилиўинен ибарат. Бул аянларда дүнья жүзиндеги халықлардың тәғдири, яҳудий халқының келешеги ҳәм Қудайдың мәңги ҳүкимдарлығы ҳаққында сөз етиледи. Келешекте тарийх сахнасына шығатуғын уллы империялардың ҳүкимдарлығы ҳәм яҳудийлердиң оларға ғәрезли болыўы сөз етиледи.

Жуўмақлап айтқанда, китаптың тийкарғы мәниси мынадан ибарат: адамзат тәғдирин Қудай басқарады. Қудай патшалықларды қүдиретли қылады, ўақты келгенде болса оларды жеңилиске ушыратады. Тарийх сахнасына шыққан уллы Бабилония ҳәм Персия империялары, жеңилмес Александр Македонский ҳүкимети ҳәм Рим ҳүкимдарлығы келди де, кетти, ал Қудайдың Өз халқы арқалы орнатқан Аспан патшалығы болса мәңги турыпты.

## Даниелдиң Бабилонға алып кетилиўи

1 [1] Яҳуда патшасы Еҳоякимниң
патшалығының үшинши жы-
лында Бабилония патшасы Набухо-
доносор Ерусалимге жүрис қылып,
қаланы қамал қылды. [2] Ийе На-
буходоносордың Яҳуда патшасы
Еҳоякимди тутқынға алыўына ҳәм
Қудайдың Үйиндеги базы ыдыслар-
ды алып кетиўине жол қойды. Набу-
ходоносор ыдысларды Бабилонияға
алып барып, оларды өз қудайының
ибадатханасының ғәзийнеханасына
жайластырды.
[3] Бабилония патшасы сарайы-
ның бас хызметшиси Ашпеназға
Израил халқынан алып келинген
тутқынлардың ишинен патшаға
ҳәм ақсүйеклердиң шаңарағына
тийисли болған жас жигитлерди
алып келиўди буйырды. [4] Булар
минсиз, келбетли, ҳәр тәреплеме
ақыл-парасатлы, билимли, жақ-
сы түсиникке ийе ҳәм патша сара-
йында хызмет етиўге ылайықлы
болыўы керек еди. Және де Аш-
пеназ оларға калдейлердиң тилин
ҳәм әдебиятын үйретиўи тийис еди.
[5] Патша олар ушын өз дастурха-
нынан аўқат ҳәм шарап ажыратып
қойды. Сол жас жигитлер үш жыл
даўамында тәлим алғаннан кейин,
патшаның алдында хызметке та-
йын болыўы керек еди.
[6] Таңланған жаслардың арасын-
да Яҳуда урыўынан болған Дани-
ел, Ханания, Мишаел ҳәм Азария
бар еди. [7] Сарайдың бас хызмет-
шиси олардың атларын өзгертип,
Даниелди Белтешассар, Ханания-
ны Шадрах, Мишаелди Мешах,
Азарияны болса Абед-Него деп
атады.
[8] Даниел өзин ҳарамламаўды
шешти ҳәм ол сарай бас хызмет-
шисинен патша дастурханынан
берилетуғын аўқат ҳәм шараптан
әкелмеўди өтиниш қылды. [9] Қудай
Даниелдиң сарай бас хызметши-
синиң кеўлинен шығыўына ҳәм
реҳимине миясар болыўына жол
қойды. [10] Сарайдың бас хызмет-
шиси Даниелге былай деди:
– Яқ, сизлерге берилетуғын аўқат
пенен ишимликлерди уллы мәрте-
бели патшамыздың өзи белгилеп
берди. Оның буйрықларынан бас
тартыўдан қорқаман. Егер ол жү-
зиңиздиң көриниси басқа жас жи-
гитлердиң жүзинен гөре солғын
екенин көрсе, онда жанымды қә-
ўип астына қойған боласыз.
[11] Даниел усы мәселе бойынша
сарай бас хызметшиси тайынлаған
сақшы менен сөйлести, себеби бул
сақшы Даниел, Ханания, Мишаел
ҳәм Азария ушын жуўапкер адам
еди. Ол сақшыға былай деди:
[12] – Илтимас, қулларыңызға он
күн даўамында жеўге палыз өним-
лерин ҳәм ишиўге суў берип, сынап
көриң. [13] Кейин бизлердиң көри-
нисимизди патша дастурханынан
аўқат жеген жигитлердиң көрини-
си менен салыстырып көриң, усы-
дан кейин өз билгениңизди қылың.
[14] Солай етип, сақшы буған ыра-
зы болып, оларды он күн даўамын-
да сынап көрди. [15] Он күн өткеннен
кейин, олардың қәдди-қәўметлери
толысып, патша дастурханынан
берилген аўқатларды жеген жи-
гитлерден әдеўир келбетли ҳәм то-
лығырақ болып көринди. [16] Солай

етип, сол күннен баслап сақшы
патша дастурханынан олар ушын
алып келинген аўқатлар менен ша-
рапларды былай қойып, оларға
тек ғана палыз өнимлерин бере-
туғын болды.
17 Қудай бул төрт жигитке ҳәр тә-
реплеме билим ҳәм әдебият пенен
даналықты үйрениўде уқып берген
еди. Оннан қала берсе, Даниел ҳәр
түрли аян ҳәм түслерди жорыў қә-
билетине ийе еди.
18 Патша белгилеген мүддет
тамам болғанда, сарай бас хыз-
метшиси барлық жигитлерди Набу-
ходоносордың алдына алып барды.
19 Патша олар менен сөйлести ҳәм
олардың арасынан Даниел, Хана-
ния, Мишаел ҳәм Азарияға тең
келетуғыны табылмады. Соның
ушын, олар патшаның хызметине
тайынланды. 20 Патша қандай со-
раў бермесин, олардың даналығы,
түсиниги пүткил патшалықтағы
палкерлерден ҳәм порханлардан
он есе үстин болып шықты. 21 Пат-
ша Кирдиң патшалығының бирин-
ши жылына дейин Даниел сарайда
хызмет етти.

### Набуходоносордың көрген түси

**2** 1 Өз ҳүкимдарлығының екин-
ши жылында Набуходоносор
бир түс көрди. Түси оны соншелли
тынышсызландырып жибергенлик-
тен, уйқысы қашты. 2 Патша түси-
ниң жорылыўын билиў ушын, қол
астындағы барлық палкерлерди,
порханларды, жулдыз изертлеў-
шилерди ҳәм данышпанларды ша-
қыртты. Олар патшаның алдына
келгенде, 3 патша оларға:
– Бир түс көрдим. Мени тыныш-
сызландырған бул түстиң мәнисин
билгим келеди, – деди.
4 Данышпанлар патшаға арамей
тилинде былай деди:
– Мырзамыз патшаның өмири
узақ болсын! Түсиңизди айтып бе-
риң, бизлер оны жорып берейик.
5 Патша оларға былай деди:
– Мениң кескин қарарым мынадай:
егер сизлер маған көрген түсимди
ҳәм оның жорылыўын айтып бер-
месеңиз, мен сизлерди жазалап, де-
нелериңизди бөлеклеп таслайман,
ал үйлериңизди болса ўайран қы-
лып, бир үйинди тасқа айланды-
раман. 6 Ал егер де түсимди айтып,
оны жорып берсеңиз, онда сизлерге
баҳалы саўғалар берип, ҳүрмет-из-
зет көрсетемен. Буның ушын, мениң
түсимди айтып, оны жорып бериң.
7 Олар патшаға және:
– Тақсыр, алды менен көрген тү-
сиңизди айтып бериң, бизлер оны
жорыймыз, – деди.
8 Патша оларға былай деди:
– Сизлер мениң қарарымның қа-
таң екенин көрип, ўақыттан утыў-
ды қәлеп атырғаныңызды билип
турыппан. 9 Егер түсимди айтып
бермесеңиз, сизлерди тек ғана бир
жаза күтип турыпты. Сизлер мени
алдастырып, жағдай өзгергенше
ўақытты созыўды келисип алған-
сыз. Қәне, түсти маған айтып бериң,
сонда оны жорый алатуғыныңыз-
ды да билемен.
10 Данышпанлар патшаға:
– Жер жүзинде сизиң бул талабы-
ңызға жуўап бере алатуғын бирде
бир жан жоқ. Уллы ҳәм қүдирет-
ли болған патшалардың ҳеш би-
ри де палкерден, порханнан ҳәм

данышпаннан бундай нәрсени
талап қылмаған. 11 Тақсыр, сиз
бизлерге қыйын болған талапты
қойып атырсыз. Адамлар арасын-
да жасамайтуғын қудайлардан бас-
қа буны патшаға айтып беретуғын
ҳеш ким жоқ, – деп жуўап берди.
12 Бул сөзлерге ғәзепленген патша
Бабилондағы барлық данышпан-
ларды өлтириўди буйырды. 13 Со-
лай етип, ҳәммесиниң өлтирилиўи
ушын буйрық шықты. Даниел ҳәм
оның досларын да өлим жазасы кү-
тип турған еди.

## Қудайдың Даниелге Набуходонсордың түсин ашып бериўи

14 Патша сақшыларының бас-
лығы Арйох Бабилондағы барлық
данышпанларды өлтириў ушын
жолға шыққанда, Даниел оның
алдына барды ҳәм ақыл-парасат
пенен оған хабарласып:
15 – Не ушын патша бундай қатаң
буйрық шығарды? – деп сорады.
Арйох болған ўақыяны Даниел-
ге айтып берди. 16 Сонда Даниел
патшаның алдына кирип, түстиң
жорылыўын табыў ушын мәўлет
сорады. 17 Кейин Даниел үйине
қайтып, болып өткенлерди дос-
лары Ханания, Мишаел ҳәм Аза-
рияға айтып берди ҳәм оларға:
18 – Бабилон данышпанлары ме-
нен бирге өлмеўимиз ушын, ас-
пандағы Қудайға жалбарының. Ол
бизлерге рехим көрсетип, сол сыр-
ды ашып бериўин сораң, – деди.
19 Сол түни Даниелге бул сыр аян
арқалы ашылды ҳәм Даниел ас-
пандағы Қудайға алғыс-мақтаў-
лар айтып:

20 «Қудайымыз дана ҳәм
қүдиретлидур,
Оның аты мәңгиге
жарылқансын!
21 Ол заманды ҳәм дәўирди
өзгертер,
Патшаларды тахттан түсирип,
тахтқа отырғызар.
Данышпанларға даналық,
Ақыллыларға билим берер.
22 Ол терең ҳәм сырлы затларды
ашады,
Қараңғылықта жасырынған
нәрселерди биледи,
Оның дөгереги жарықлық
пенен қоршалған.
23 Ата-бабаларымның Қудайы,
Саған алғыс айтып, Сени
мақтайман,
Сен маған даналық ҳәм күш
бердиң,
Сорағанымызды маған ашып
берген Сенсең,
Патша сораған нәрсени
бизлерге көрсеткен Сен
боласаң», – деди.

## Даниелдиң патшаға түсин ҳәм оның жорылыўын айтып бериўи

24 Даниел Бабилон данышпан-
ларын өлтириў ушын патша тә-
репинен тайынланған Арйохтың
алдына барып:
– Бабилон данышпанларын өл-
тирмең. Мени патшаның алдына
алып барың, мен ол көрген түсти
жорып беремен, – деди.
25 Арйох дәрҳал Даниелди пат-
шаның алдына алып барып:
– Тақсыр, Яҳуда тутқынларының
арасынан түсиңизди жорыйтуғын
бир адамды таўып келдим, – деди.

26 Патша Белтешассар деп атал-
ған Даниелге:
– Сен маған көрген түсимди ҳәм
оның жорылыўын айтып бере ала-
саң ба? – деп сорады.
27 Даниел патшаға былай деп жу-
ўап берди:
– Тақсыр, бул сырды данышпан
да, порхан да, палкер де, болжаў-
шы да сизге ашып бере алмайды.
28 Бирақ аспандағы Қудай усы сы-
яқлы сырларды ашып бере алады.
Мырзамыз Набуходоносор, Ол сиз-
ге келешекте не болатуғынын аян
қылмақшы. Сиз көрген түс ҳәм аян
мынадай еди:
29 Тақсыр, сиз жатып, келешек
ҳаққында ойладыңыз. Сонда сыр-
ларды ашып бериўши Қудай сиз-
ге келешекте не жүз беретуғынын
билдирди. 30 Маған бул сыр да-
налығым басқалардикинен зыят
болғаны ушын ашылмады, ал пат-
шамның көрген түсиниң жорылы-
ўын билиўи ушын ҳәм жүрегинде
болған ой-пикириниң мәнисин тү-
синиўи ушын ашылды.
31 Тақсыр, сиз түсиңизде нәҳән
бир мүсин көрдиңиз. Алдыңыз-
да турған сол мүсин оғада үлкен
ҳәм жүдә жарқыраған еди. Және де,
оның көриниси қорқынышлы еди.
32 Мүсинниң басы сап алтыннан,
көкирек ҳәм қоллары гүмистен,
бели ҳәм санлары қоладан, 33 бал-
тырлары темирден, аяқларының
бир бөлеги темирден, бир бөлеги
ылайдан еди. 34 Сиз қарап турғаны-
ңызда, адамзаттың қолы тийместен
бир тас қопарылып, мүсинниң те-
мир ҳәм ылайдан болған бөлегине
урылды да, оны майдалап таслады.
35 Темир, ылай, қола, гүмис ҳәм
алтын майдаланып, жазғы қыр-
мандағы қаўықтай болып қалды.
Самал оларды ушырып жиберип,
ҳеш нәрсе қалмады. Мүсинге урыл-
ған тас болса, үлкен таў болып, пүт-
кил жер жүзин толтырып жиберди.
36 Бул сизиң көрген түсиңиз еди.
Енди болса, түсиңиздиң жорылы-
ўын айтып берейин. 37 Патша, сиз
патшалар патшасысыз. Аспандағы
Қудай сизге патшалық, салтанат,
күш-қүдирет ҳәм уллылық берген.
38 Ол жерде жасап атырған барлық
адамзатты, ҳәттеки, даладағы жа-
байы ҳайўанларды ҳәм аспандағы
қусларды сизиң қолыңызға тап-
сырып, олардың үстинен ҳүким-
дар етип қойды. Алтын бас – бул
сизсиз. 39 Ал сизден кейин басқа
бир патшалық аяққа турады. Ол
патшалық сизден ҳәлсизлеў бола-
ды. Оннан кейин пүткил дүнья-
ны ийелейтуғын қоладан болған
үшинши патшалық ҳүкимдарлық
қылады. 40 Буннан соң келетуғын
төртинши патшалық темирдей қат-
ты болады. Темир ҳәмме нәрсени
сындырып жоқ қылғанындай, сол
патшалық та өзинен алдын болған
патшалықты бузып, жоқ қылады.
41 Сиз мүсинниң балтырдан төме-
ни менен аяқ бармақларының бир
бөлегиниң ылайдан, бир бөлегиниң
темирден екенин көрдиңиз, бул бө-
линген патшалық болады. Ылай те-
мир менен қарылғаны ушын, демек
бул патшалықтың күшли ҳәм ҳәл-
сиз тәреплери болады. 42 Аяқтың
бармақларының бир бөлеги темир-
ден ҳәм бир бөлеги ылайдан болға-
ны сыяқлы, патшалықтың да бир
бөлеги күшли, бир бөлеги ҳәлсиз
болады. 43 Темир менен ылайдың

қарылыўы – бул халықлардың бир-
бирине қуда-тамыр болып арала-
сып, беккем болғысы келетуғынын
билдиреди. Бирақ темир ылай ме-
нен бирикпегени сыяқлы, олар да
бир-бири менен бирлесе алмайды.
44 Сол патшалардың дәўиринде ас-
панның Қудайы мәңги ҳәм ҳеш бир
халықтан жеңилмейтуғын бир пат-
шалық орнатады. Бул патшалық
басқа барлық патшалықларды жоқ
қылып, өзи мәңги турады. 45 Таўдан
адамзаттың қолы тиймей-ақ тастың
өзи түсип, темир, қола, ылай, гүмис
ҳәм алтынды майдалап таслағанын
көрдиңиз. Уллы Қудай келешекте
болатуғынларды сизге билдирген.
Сизиң көрген түсиңиз ҳақыйқат,
жорылыўы да дурыс.

### Патшаның Даниелди сыйлықлаўы

46 Сонда патша Набуходоносор
Даниелди ҳүрмет етип, оның ал-
дында ет бети менен жерге жығыл-
ды. Кейин өз адамларына Даниел
ушын сыйлар әкелиўди ҳәм хош
ийисли затларды бериўди буйыр-
ды. 47 Патша Даниелге былай деди:
– Шынында да, сениң Қудайың
сырларды ашып беретуғын қу-
дайлардың Қудайы, патшалар-
дың Ийеси екен. Өйткени мениң
сырларымды тек ғана сен ашып
бере алдың!
48 Буннан соң, патша Даниелди
жоқары мәртебеге көтерип, көп ба-
ҳалы саўғалар менен сыйлықлады
ҳәм оны Бабилон ўәлаятының ҳү-
кимдары ҳәм Бабилондағы пүткил
данышпанлар үстинен басшы етип
тайынлады. 49 Даниелдиң өтини-
ши менен, патша Бабилон ўәлая-
тын басқарыўды Шадрах, Мешах
ҳәм Абед-Негоға тапсырды. Дани-
елдиң өзи патшаның сарайында
хызмет етип қалды.

### Набуходоносордың алтын мүсинди орнатыўы

3 1 Патша Набуходоносор үлкен
бир алтын мүсин ислетти. Би-
йиклиги алпыс шығанақ, ени алты
шығанақ болған бул мүсинди Ба-
билон ўәлаятындағы Дура тегис-
лигине орнатты. 2 Соннан соң, ол
найыплардыа[a], ҳүкимдарларды, ҳә-
кимлерди, ўәзирлерди, қазнашы-
ларды, қазыларды, ҳәмелдарларды
ҳәм барлық ўәлаят хызметкерлерин
шақырып, өзи орнатқан мүсинниң
ашылыў мәресимине қатнасыўын
буйырды. 3 Олардың барлығы пат-
ша Набуходоносор орнатқан мүсин-
ниң ашылыў мәресимине қатнасыў
ушын, мүсинниң алдына жыйнал-
ғанда, 4 жаршы бәлент даўыс пенен
былай деп жар салды: «Ҳәй, барлық
халықлар, миллетлер ҳәм ҳәр түрли
тилдеги адамлар, патшаның буйры-
ғына қулақ салыңлар! 5 Кәрнай, най,
лира, цитра, арфа, дәп ҳәм басқа да
саз әсбапларының шертилген даўыс-
ларын еситиўден, жерге жығылып,
патша Набуходоносор орнатқан ал-
тын мүсинге табыныңлар. 6 Ким де
ким тәжим қылып, табынбаса, сол
ўақыттың өзинде от жанып турған
пешке тасланады». 7 Сонлықтан кәр-
най, най, лира, цитра, арфа ҳәм басқа

---

a **3:2** *Найыплар* – Персия империясында жоқары лаўазымды ийелеген басшы-
лар. Олар бириккен бир неше ўәлаятларды басқаратуғын еди.

да саз әсбапларының даўысын еси-
тиўден, барлық халықлар, миллет-
лер ҳәм ҳәр түрли тилдеги адамлар
жерге жығылып, патша Набуходо-
носор орнатқан мүсинге табынды.

### Даниелдиң досларының айыпланыўы

8 Сол ўақытта яҳудийлерди қара-
лаў нийетинде жүрген базы калдей-
лер пайыттан пайдаланып, 9 патша
Набуходоносорға былай деди:
– Уллы мәртебели патша, өмири-
ңиз узақ болсын! 10 Тақсыр, сизиң
буйрығыңыз бойынша, кәрнай, най,
лира, цитра, арфа, дәп ҳәм басқа да
саз әсбапларының даўысын есит-
кен ҳәр бир адам жерге жығылып,
алтын мүсинге табыныўы керек
емес пе еди? 11 Сиз буйрыққа әмел
қылмаған ҳәр бир адамның от жа-
нып турған пешке тасланатуғы-
нын айтқан едиңиз. 12 Бирақ базы
яҳудийлер, яғный өзиңиз Бабилон
ўәлаятына ҳүкимдар етип тайынла-
ған Шадрах, Мешах ҳәм Абед-Него
сизиң буйрығыңызға бойсынбады.
Бул адамлар қудайларыңызға та-
бынбайды, сиз орнатқан мүсинге
де табыныўды мақул көрмеди.
13 Бул хабарды еситип, қатты ғә-
зепленген Набуходоносор Шадрах,
Мешах ҳәм Абед-Негоны алды-
на алып келиўди буйырды. Олар
патшаның алдына алып келинген-
де, 14 Набуходоносор оларға бы-
лай деди:
– Ҳәй, Шадрах, Мешах ҳәм Абед-
Него, мениң қудайларыма ҳәм мен
орнатқан алтын мүсинге табынба-
ғаныңыз ырас па? 15 Деген менен,
мен сизлерге және бир мүмкинши-
лик беремен. Ҳәзир кәрнай, най,
лира, цитра, арфа, дәп ҳәм басқа
да саз әсбапларының даўысын еси-
тиўден-ақ, жерге жығылып, мен ор-
натқан мүсинге табыныңлар. Егер
тәжим етпесеңлер, сол ўақыттың
өзинде отлы пешке тасланасызлар.
Сонда сизлерди мениң қолымнан
ҳеш бир қудай да қутқара алмайды!
16 Шадрах, Мешах ҳәм Абед-Него
патшаға былай деп жуўап берди:
– Мырзамыз, бул мәселеде өз-
леримизди ақламақшы емеспиз.
17 Бизлер сыйынатуғын Қудай биз-
лерди от жанып турған пештен
де, сизиң қолыңыздан да қутқара
алады. 18 Бирақ егер Ол бизлер-
ди қутқармаған жағдайда, тақсыр,
мынаны билип қойың: бизлер ҳеш
қашан қудайларыңызға сыйынбай-
мыз, сиз орнатқан алтын мүсинге
де табынбаймыз.

### Даниелдиң досларының өлимге ҳүким етилиўи

19 Шадрах, Мешах ҳәм Абед-Не-
гоның бул жуўабына Набуходоно-
сордың қатты ғәзеби келгенликтен
түри өзгерип кетти. Ол пештеги от-
ты алдыңғысынан жети есе қатты
жандырыўды буйырды. 20 Кейин
әскерлериниң арасынан ең күш-
ли әскерлерге Шадрах, Мешах ҳәм
Абед-Негоны байлап, отлы пешке
таслаўды буйырды. 21 Солай етип,
әскерлер оларды байлап, үстки ки-
йими, ыштаны, бас кийими, қулла-
сы барлық кийимлери менен бирге
отлы пешке таслады. 22 Патшаның
буйрығының қатаң болғанлығы ҳәм
пештиң соншелли күшли жанып
турғанлығы себепли, Шадрах, Ме-
шах ҳәм Абед-Негоны отқа тасла-
ған әскерлер оттың ҳәўирине күйип

өзлери өлип қалды. 23 Шадрах, Ме-
шах ҳәм Абед-Него болса байлан-
ған ҳалда отлы пешке қулап түсти.
24 Буны тамаша қылып турған
патша Набуходоносор бирден ор-
нынан секирип турды да, таң қа-
лып, кеңесгөйлерине:
– Пешке байланған ҳалда үш
адамды тасламадық па? – деп ба-
қырып жиберди.
– Әлбетте, сондай, мырзамыз пат-
ша, – деп жуўап берди олар.
25 Патша:
– Қараңлар, ал мен от ишинде
байланбаған ҳалда жүрген төрт
адамды көрип турман. Олардың
ҳеш бири де зыян көрмеген. Төр-
тиншиси болса, көринисинен илә-
ҳий барлыққа уқсайды! – деди.
26 Набуходоносор от жанып тур-
ған пештиң аўзына барып:
– Ҳәй, Қудай Тааланың құллары
Шадрах, Мешах ҳәм Абед-Него,
берман шығыңлар! Мениң алдыма
келиңлер! – деп бақырды.
Сонда Шадрах, Мешах ҳәм
Абед-Него оттың ишинен шықты.
27 Барлық найыплар, ҳүкимдарлар,
ҳәкимлер ҳәм патша кеңесгөйлери
Шадрах, Мешах ҳәм Абед-Негоны
дөгереклеп алды ҳәм оттың бул
адамларға ҳеш қандай зыян тий-
гизбегенин көрди. Олардың шаш-
лары күймеген, кийимлерине зыян
тиймеген, ҳәттеки, олардан оттың
ийиси де шықпай турған еди.
28 Сонда Набуходоносор былай
деди:
– Шадрах, Мешах ҳәм Абед-Не-
гоның Қудайына алғыс-мақтаўлар
болсын! Ол өз периштесин жибе-
рип, Өзине исенген қулларын қут-
қарды. Олар өз Қудайынан басқа
қудайларға сыйыныўдан гөре, жа-
нынан кешиўди абзал көрди, соның
ушын, патшаның, яғный мениң буй-
рығыма бойсыныўдан бас тартты.
29 Соның ушын, мынаны пәр-
ман қыламан: Шадрах, Мешах ҳәм
Абед-Негоның Қудайына тил тий-
гизген ҳәр бир адам қайсы халық,
миллет ямаса қайсы тилге тийисли
болыўына қарамастан, олар шаўып
тасланады, үйлери болса ўайран
қылынады. Өйткени бундай қылып
қутқара алатуғын басқа қудай жоқ.
30 Кейин патша Шадрах, Мешах
ҳәм Абед-Негоның мәртебесин жә-
не де асырып, оларды Бабилон ўә-
лаятындағы жоқарғы лаўазымға
көтерди.

### Набуходоносордың екинши түси

31 Патша Набуходоносор жер жү-
зиндеги барлық халықлар, мил-
летлер ҳәм ҳәр түрли тилдеги
адамларға мынадай хабар жол-
лады:
«Сизлерге тынышлық ҳәм бере-
кет тилеймен! 32 Қудай Тааланың
маған көрсеткен белги ҳәм кәра-
матлары ҳаққында сизлерди ха-
бардар қылмақшыман.

33 Қандай уллы Оның белгилери!
Қандай қудиретли
кәраматлары!
Оның патшалығы – мәңги
патшалық болар,
Оның ҳүкимдарлығы әўладтан-
әўладқа даўам етер».

4 1 Мен, Набуходоносор өз үйим-
де – сарайымда тыныш, рәҳәт-
ленип жасап атырған едим. 2 Бирақ

бир күни түнде қорқынышлы түс
көрдим. Төсегимде жатқанымда,
бул түс ҳәм аянлар мени қатты қор-
қынышқа салды. 3 Түсимди маған
жорып бериўи ушын Бабилонның
барлық данышпанларын алдыма
алып келиўди буйырдым. 4 Алдыма
келген палкерлерге, порханларға, да-
нышпанларға ҳәм болжаўшыларға
түсимди айтып бердим, бирақ олар
оны жорый алмады. 5 Ақырында
аты мениң қудайымның аты менен
аталған Белтешассар деген мухаддес
қудайлардың руўхы менен толған
Даниел алдыма келди. Мен оған тү-
симди айтып берип, былай дедим:
6 – Ҳәй, Белтешассар, данышпан-
лардың басшысы, сенде мухаддес
қудайлардың руўхы бар екенин
ҳәм хәр бир сырды аша алатуғы-
ныңды билемен. Көрген түсимди
тыңлап, маған жорып бер. 7 Тө-
сегимде жатып, көрген аянларда
дүньяның ортасында өсип тур-
ған жүдә үлкен бир теректи көр-
дим. 8 Терек өсип барып, күшке
толды ҳәм оның ушы аспанға жет-
ти. Бул теректи дүньяның төрт тә-
репинен көриўге болатуғын еди.
9 Оның жапырақлары сулыў ҳәм
пүткил дүньяны тәмийинлейту-
ғын мол мийўеси бар еди. Жабайы
ҳайўанлар оның саясында пана та-
ўып, көктеги қуслар шақаларына уя
салып, жер жүзиндеги барлық тири
жанлар оннан азықланатуғын еди.
10 Төсегимде жатып, көрип атыр-
ған аянда, аспаннан мухаддес бир
гүзетши түсип келди. 11 Ол бәлент
даўыс пенен былай деди: «Теректи
кесип, шақаларын шаўып таслаң-
лар, жапырақларын үзип, мийўеле-
рин шашып таслаңлар. Саясындағы
ҳайўанларды қуўыңлар, шақала-
рындағы қусларды ушырып жибе-
риңлер. 12 Бирақ теректиң түбири
менен тамырларына тиймеңлер,
оны темир ҳәм қола менен шын-
жырлап, жабайы шөплердиң ара-
сында қалдырыңлар. Ол аспаннан
түскен шыққа шомылсын, жабайы
ҳайўанлар менен жасап, несийбе-
син дала шөплеринен терип жесин.
13 Оннан адамзат жүреги алып тас-
ланып, ҳайўан жүреги берилсин.
Ол жети мүддет ҳайўандай болып
жасасын. 14 Бул ҳүкимди гүзетши-
лер, қарарды мухаддеслер шығар-
ды. Солай етип, ҳәр бир тири жан
Қудай Тааланың адамзат патшалы-
ғының Ҳүкимдары екенин билсин.
Ол патшалықты қәлеген адамына
берер, ҳәттеки, қарапайым адамды
тахтқа отырғызар». 15 Мен, патша
Набуходоносор усындай түс көр-
дим. Енди сен, Белтешассар маған
оны жорып бер, себеби патшалы-
ғымдағы данышпанлардың ҳеш
бири түсимди жорып бере алма-
ды. Ал бул сениң қолыңнан келеди,
өйткени сенде мухаддес қудайлар-
дың руўхы бар.

### Даниелдиң түсти жорыўы

16 Кейин Даниел, яғный Белте-
шассар бир неше ўақыт өзине келе
алмай турды, ойлары оны қорқы-
нышқа салған еди. Сонда патша
оған:

– Белтешассар, түсим де, оның
жорылыўы да сени қорқынышқа
салмасын, – деди.

Сонда Белтешассар былай деп
жуўап берди:

– Мырзам, бул түс сизди жек кө-
ретуғынлардың, оның жорылыўы

душпанларыңыздың басына түс-
син! 17 Сиз уша басы аспанға ти-
йип турған бийик ҳәм күшли бир
теректи көрдиңиз. Бул терек сон-
шелли үлкен болғанлықтан, оны
дүньяның төрт тәрепинен көриўге
болатуғын еди. 18 Оның жапырақ-
лары жүдә сулыў, пүткил дүньяны
тәмийинлейтуғын мол мийўелери
бар еди. Оның саясында жабайы
ҳайўанлар жасап, көктеги қуслар
шақаларына уя салған еди. 19 Пат-
шам, бул терек сиз боласыз. Сиз
уллы ҳәм күшли болдыңыз. Уллы-
лығыңыз көклерге жетип, ҳүким-
дарлығыңыз пүткил жер жүзине
жайылды. 20 Сиз аспаннан түсип
киятырған мухаддес гүзетшини де
көрдиңиз. Ол: «Теректи кесип, жоқ
қылыңлар. Бирақ оның түбири ҳәм
тамырларына тиймеңлер, оларды
темир ҳәм қола менен шынжырлап,
жабайы шөплердиң арасына қалды-
рыңлар. Жети мүддет даўамында ол
аспаннан түскен шыққа шомылып,
жабайы ҳайўанлар менен бирге жа-
сасын», – деди. 21 Патшамыз, түстиң
жорылыўы ҳәм Қудай Тааланың
тақсырым болған сизге шығарған
қарары мынадай: 22 сиз адамлар
жәмийетинен шығарылып, жабайы
ҳайўанлардың арасында жасайсыз.
Қудай Тааланың адамзат патшалы-
ғының жалғыз Ҳүкимдары екенин
ҳәм Ол тахтты қәлеген адамына бе-
ретуғынын түсингениңизше жети
мүддет даўамында малға уқсап от
жеп, аспаннан түскен шыққа шо-
мыласыз. 23 Деген менен, теректиң
түбири ҳәм тамырлары қалдырыл-
сын! – деген буйрық мынаны аң-
латады: Барлық ҳүкимдарлықтың
аспандағы Қудайға тийисли екенин
түсингениңизден кейин, патшалы-
ғыңыз қайта тикленеди. 24 Сон-
лықтан тақсыр, сизден өтинемен,
мәсләҳәтимди алыңыз: гүналары-
ңыздан бас тартып, туўры ислерди
ислең, айып ислериңизден бас ке-
шип, жарлыларға реҳим қылың.
Сонда сизиң табыслы өмириңиз
даўам етеди.

### Набуходоносордың түсиниң оңынан келиўи

25 Булардың ҳәммеси патша На-
буходоносордың басына түсти.
26 Арадан он еки ай өткеннен соң,
ол Бабилондағы сарайының там
басына шығып жүрди. 27 Сонда ол
қалаға қарап:
– Өзим қурдырған патша қаласы
болған уллы Бабилонға қараңлар!
Мен буны уллы салтанатым ушын
өз қүдиретим менен қурдым, – деди.
28 Ол бул сөзлерди айтып үлгермес-
тен-ақ аспаннан бир даўыс келди:
– Ҳәй, патша Набуходоносор, сө-
зиме қулақ сал! Ҳәзирден баслап,
сен тахтыңнан түсирилдиң. 29 Сен
адамлар жәмийетинен айдалып,
жабайы ҳайўанлар менен жасайсаң.
Қудай Таала – адамзат патшалы-
ғының жалғыз Ҳүкимдары екенин
ҳәм Ол тахтты қәлеген адамына бе-
ретуғынын түсинип жетпегениңше,
жети мүддет даўамында малға уқ-
сап от жеп жүресең.
30 Набуходоносорға айтылған бул
сөзлер сол ўақытта орынланды. Ол
адамлар жәмийетинен айдалды ҳәм
мал сыяқлы от жеп, аспаннан түс-
кен шыққа шомылды. Шашлары
бүркиттиң қанатларының узынлы-
ғындай, тырнақлары болса қустың
тырнақларындай болып өсип кетти.

31 Белгиленген мүддет тамам-
ланғанда, мен, Набуходоносор
көзлеримди көкке тиктим ҳәм
сол ўақытта өзиме келдим. Қудай
Таалаға алғыс-мақтаўлар айттым,
мәңги өмир сүриўшини алғыслап,
уллыладым:

Оның ҳүкимдарлығы – мәңги
ҳүкимдарлық,
Оның патшалығы әўладтан-
әўладқа даўам етер.
32 Дүньяда жасап атырғанлар
Оның алдында ҳеш нәрсе
емес,
Ол аспандағы күшлердиң
ҳәм дүньяда жасап
атырғанлардың үстинен,
Өзиниң қәлеген ҳүкимин
шығарар.
Ҳеш ким Оны тоқтата алмас,
Оған «Не қылып атырсаң?» –
деп ҳеш ким айта алмас.

33 Ес-ақылым қайтып келген ўа-
қыттың өзинде, мениң патшалық
мәртебем, абырайым ҳәм салтана-
тым қайта тикленди. Кеңесгөйле-
рим ҳәм ақсүйеклерим мени излеп
келди. Мен қайтадан тахтқа отыр-
дым, уллылығым болса, алдынғы-
сынан да асып кетти. 34 Енди мен,
Набуходоносор Аспанның Патша-
сына алғыс-мақтаў айтаман, Оны
алғыслап, уллылайман. Өйткени
Оның барлық ислери ҳақыйқат ҳәм
жоллары әдил. Тәкаббирлердиң кө-
киregин басыўға Оның күши жетеди.

### Патша Белшассардың берген зыяпаты

5 1 Патша Белшассар өзиниң мың
ақсүйеги ушын үлкен зыяпат бе-
рип, олар менен бирге шарап ишти.
2 Шараптан мәс болған Белшассар
Ерусалимдеги Ибадатханадан әкеси
Набуходоносор алып келген алтын
ҳәм гүмис кеселерди алып келиўди бу-
йырды. Патша ақсүйеклери, ҳаяллары
ҳәм тоқаллары менен сол кеселерден
шарап ишпекши еди. 3 Солай етип,
Ерусалимдеги Ибадатханадан, яғный
Қудайдың Үйинен алып келинген ал-
тын ыдысларды алдырып, патшаның
өзи, ақсүйеклери, ҳаяллары ҳәм то-
қаллары сол ыдыслардан шарап ишти.
4 Олар шараптан ишип, алтын, гүмис,
қола, темир, ағаш ҳәм тастан ислен-
ген қудайларды алғыслады.

5 Күтилмегенде, бир инсан қолы
пайда болып, шыра қойғыштың қа-
сындағы патша сарайының ҳәклен-
ген дийўалына жаза баслады. Патша
жазып атырған қолды көрди. 6 Оны
қорқыныш бийлеп алып, жүзи боза-
рып кетти ҳәм белинде қуўаты қал-
май, дизелери қалтырай баслады.
7 Патша даўыслап бақырып, порхан,
данышпанлар ҳәм болжаўшыларды
алып келиўди буйырды. Патша Ба-
билон данышпанларына:
– Ким бул жазыўды оқып, оның
мәнисин маған түсиндирип бер-
се, сол адамның үстине патшалық
шапан кийгиземен, мойнына ал-
тын шынжыр тағып, патшалықта
үшинши ҳүкимдар етип тайынлай-
ман, – деди.
8 Патшаның барлық данышпан-
лары ишке кирип келди, бирақ олар
жазыўды оқый алмады, оның мә-
нисин де түсиндирип бере алмады.
9 Патша Белшассар қатты қорқы-
нышқа түсип, жүзи бозарып кет-
ти, ақсүйеклери болса сасқалақлап
қалды.

10 Сол ўақытта патша ҳәм ақсү-
йеклериниң даўысларын еситип,
зыяпат болып атырған жерге кел-
ген патшаның анасы:
– Мырзамыз патшаның өмири
узақ болсын! Қорқпа, түриңиз де
қуўармасын! 11 Сизиң патшалығы-
ңызда мухаддес қудайлардың руў-
хына толған бир адам бар. Әкеңниң
дәўиринде бул адам ақыллы, зе-
йинли ҳәм қудайлар сыяқлы дана
деп тән алынған еди. Әкең патша
Набуходоносор оны палкер, пор-
хан, данышпан ҳәм болжаўшылар-
дың басшысы етип тайынлаған еди.
12 Патша Набуходоносор Белте-
шассар деп атаған сол Даниел түс-
лерди жорыўда да, жумбақларды
түсиндириўде де, машқалаларды
шешиўде де ғайры тәбийғый руўх-
қа, билим ҳәм ақыл-парасатқа ийе.
Патшам, Даниелди усы жерге алып
келиўди буйыр, ол сизге мына жа-
зыўдың мәнисин түсиндирип бер-
син, – деди.
13 Солай етип, Даниел патшаның
алдына алып келинди. Патша Да-
ниелге былай деди:
– Патша әкем Яҳудадан алып кел-
ген тутқынлар арасындағы Даниел
сенбисең? 14 Сени қудайлар руўхы
менен толған, ақыллы, зейинли
ҳәм дана деп еситтим. 15 Мен да-
нышпанларды ҳәм порханларды
мына жазыўды оқып, мәнисин түс-
индирип берсин, деп шақырттым.
Деген менен, олардың биреўи де
мәнисин айта алмады. 16 Сениң
жумбақларды шешип, оларды тү-
синдире алатуғыныңды еситтим.
Егер сен ҳәзир бул жазыўды оқып,
оның мәнисин түсиндире алсаң,
мен сениң үстиңе патшалық шапан
кийгиземен, мойныңа алтын шын-
жыр тағып, патшалықтағы үшин-
ши ҳүкимдар етип тайынлайман.
17 Даниел патшаға былай деп жу-
ўап берди:
– Саўғаларыңыз өзиңизде қала
берсин, яки оларды басқа биреў-
ге бериң. Мен бул жазыўды сонда
да оқып, оның мәнисин түсинди-
рип беремен.
18 Тақсыр, Қудай Таала әкеңиз
Набуходоносорға патшалық, ул-
лылық, даңқ ҳәм ҳүрмет берди.
19 Қудай оған берген уллылығы
себепли ҳәмме халықлар, миллет-
лер ҳәм ҳәр бир тилдеги адамлар
әкеңизден қорқып қалтырайтуғын
еди. Ол қәлегенин өлтирип, қәле-
генин тири қалдыратуғын, қәлеге-
нин мәртебеге көтерип, қәлегенин
хор қылатуғын еди. 20 Деген менен,
ол тәкаббирленип, менмен болып
кеткенликтен, патшалық тахттан
түсирилип, барлық салтанатынан
айырылған еди. 21 Ол адамлар жә-
мийетинен шығарылып, ақылсыз
ҳайўандай болып қалған еди. Әке-
ңиз адамзат патшалығының жал-
ғыз ҳүкимдары Қудай Таала екенин
ҳәм Ол тахтты қәлеген адамына
беретуғынын түсингенше, жабайы
ешеклер менен бирге жасап, мал
сыяқлы от пенен азықланды ҳәм
аспаннан түскен шыққа шомылды.
22 Ал оның зүряды болған сиз,
патша Белшассар, булардың ҳәм-
месинен хабарыңыз болса да, ки-
шипейил болмадыңыз. 23 Буның
орнына сиз аспанның Ийесине
қарсы бас көтердиңиз. Қудайдың
Ибадатханасындағы ыдысларды
алдырып, ақсүйеклериңиз, ҳа-
ялларыңыз ҳәм тоқалларыңыз

бенен шарап иштиңиз. Көрмейту-
ғын, еситпейтуғын, ҳеш нәрсени
билмейтуғын гүмис, алтын, қола,
темир, ағаш ҳәм тастан соғылған
қудайларды алғысладыңыз. Би-
рақ өмириңизди ҳәм барлық жол-
ларыңызды қолында услап турған
Қудайды уллыламадыңыз. 24 Со-
ның ушын, Қудай қол жиберип,
усы сөзлерди жаздырды.
25 Бунда былай деп жазылған:
«МЕНЕ, МЕНЕ, ТЕКЕЛ» ҳәм «ПАР-
СИН». 26 Бунның мәниси мынадан
ибарат: МЕНЕ – Қудай сизиң ҳү-
кимдарлық күниңизди есаплап
шығып, оның соңын белгиледи.
27 ТЕКЕЛ – сиз тәрезиде тартылып,
жеңил болып шықтыңыз. 28 ПЕ-
РЕС[a] – патшалығыңыз бөлинип,
Мидия ҳәм Персияға бериледи.
29 Сонда Белшассардың берген
буйрығы бойынша, Даниелге пат-
шалық шапан кийдирилип, мойны-
на алтын шынжыр тағылды ҳәм ол
патшалықтағы үшинши ҳүкимдар,
деп жәрияланды.
30 Сол күни түнде Бабилония
патшасы Белшассар өлтирилди.
31 Оның патшалығын алпыс еки
жасар мидиялы Дарий ийеледи.

## Даниелдиң арысланлар турған шуқырға тасланыўы

6 1 Патша Дарий пүткил патша-
лықтағы жерлерди 120 ўәлаятқа
бөлип, ҳәр бир ўәлаят үстинен найып
тайынлаўды шешти. 2 Патшаға қы-
йын болмаўы ушын, найыплардан
есап алып отыратуғын үш ўәзир та-
йынланды, олардың ишинде Даниел
де бар еди. 3 Даниел басқа ўәзирлер
ҳәм найыпларға қарағанда өз исин
жоқары дәрежеде алып баратуғын
еди. Соның ушын, патша пүткил
патшалыққа басқарыўшы етип, Да-
ниелди тайынлаўды жобаластырып
қойған еди. 4 Сонда буны көре ал-
маған басқа ўәзирлер ҳәм найыплар
Даниелди айыплаўға урынып, оның
басқарыў ислеринен кемшилик та-
быўға ҳәрекет қылды. Бирақ оннан
бирде бир қәте яки кемшилик таба
алмады. Себеби Даниел садық еди.
Оннан ҳеш қандай гүна да, айып та
табылмады. 5 Ақырында олар бир-
бирине былай деди: «Оның Қудайы-
ның нызамына байланыслы бир
нәрселер таппасақ, Даниелге қарсы
басқа айып таба алмаймыз».
6 Сонда ўәзирлер ҳәм найыплар
патшаның алдына барып былай
деди:
– Патша Дарий, өмириңиз узақ
болсын! 7 Патшалықтағы барлық
ўәзирлер, ҳүкимдарлар, найыплар,
кеңесгөйлер ҳәм ҳәкимлер кеңесип,
патшамыз, сизиң мынадай қатаң
пәрман шығарыўыңызды мақул
таптық: Отыз күн ишинде ким де
ким сизден басқа адамға ямаса
қудайға сыйынса, ямаса дуўа етсе,
ол арысланлар турған шуқырға
таслансын. 8 Патша, пәрман шы-
ғарып, оны тастыйықлаң. Бул
пәрман Мидия ҳәм Персия ны-
зламларына муўапық өзгертилмей-
туғын ҳәм бийкар етилмейтуғын
болсын.
9 Солай етип, патша Дарий пәр-
манды тастыйықлады.
10 Даниел пәрманның тастыйық-
ланғанын билсе де, үйине барып,

---

a **5:28** *ПЕРЕС* – 25-аяттағы ПАРСИН сөзиниң бирлик санда жазылыўы.

терезелери Ерусалим тәрепке қа-
рап ашылған жоқарғы бөлмесине
шықты да, әдеттегидей күнине үш
мәрте дизерлеп, Қудайға дуўа етти
ҳәм Оны алғыслады.
11 Оған қарсы тил бириктирген
адамлар бир топар болып, үйине
барды ҳәм Даниелдиң өз Қудайы-
на дуўа етип, мийрим-шәпәәт со-
рап атырғанының үстинен шықты.
12 Сонда олар патшаның алдына ба-
рып, шығарылған пәрман ҳаққын-
да былай деп айта баслады:
– Тақсыр! Сиз пәрман шығарып,
ким де ким отыз күн ишинде сиз-
ден басқа бир қудайға ямаса адам-
ға дуўа етсе, ол арысланлар турған
шуқырға тасланады, деп тастыйық-
лаған жоқ па едиңиз?
Патша:
– Аўа, мен шығарған бул пәрман
Мидия ҳәм Персия патшалығының
нызамларына муўапық қатаң, өз-
гермейди, – деп жуўап берди.
13 Олар патшаға былай деди:
– Тақсыр Яҳуда тутқынларынан
болған Даниел сизди де, сиз шы-
ғарған пәрманды да менсинбей, ол
күнине үш мәрте өз Қудайына дуўа
етип атыр, – деди.
14 Патша буны еситип, қатты қә-
ўетерге түсти. Ол Даниелди қут-
қарып қалыўды жүрегинде нийет
етти. Ҳәттеки, күн батқанша қо-
лынан келгенше оны қутқарыўға
ҳәрекет қылды. 15 Деген менен, Да-
ниелге қарсы тил бириктиргенлер
патшаның алдына келип:
– Тақсыр, Мидия ҳәм Персия ны-
замларына муўапық, патша шы-
ғарған ҳәр бир буйрық ҳәм пәрман
өзгертилмейтуғынын билесиз, –
деди.
16 Сонда патша Даниелди алып
келип, арысланлар турған шуқыр-
ға таслаўды буйырды. Даниелдиң
өзине болса:
– Ҳәмме ўақытта өзиң хызмет
етип келген сол Қудайың сени қут-
қарсын! – деди.
17 Бир тас әкелинип шуқырдың
аўзы жаўып қойылды. Даниелге
байланыслы жағдай өзгертилме-
син, деп патша өзиниң ҳәм ақсү-
йеклериниң мөр жүзиклери менен
тасты мөрлеп қойды. 18 Кейин пат-
ша өз сарайына қайтты. Оған кеўил
көтеретуғын ҳеш нәрсе әкелинбеди
ҳәм түнди ҳеш нәрсе жемей өткер-
ди. Түни менен уйықламай шықты.
19 Таң атыўдан патша орнынан
турып, асығып-үсигип, арыслан-
лар турған шуқырға қарай жүрип
кетти. 20 Ол шуқырға жақынлап
барғаннан, муңлы даўыс пенен:
– Ҳәй, тири Қудайдың қулы Да-
ниел! Сен ҳәмме ўақытта хызмет
етип жүрген Қудайың сени арыс-
ланлардан қутқара алды ма? – деди.
21 Даниел:
– Тақсыр, өмириңиз узақ болсын!
22 Мениң Қудайым периштесин жи-
берип, арысланлардың аўзын жа-
ўып қойды ҳәм арысланлар маған
ҳеш қандай зыян тийгизбеди. Өйт-
кени Қудайымның алдында гүна-
сыз болдым ҳәм сизиң алдыңызда
да мен ҳеш қандай айып ис қылма-
дым, – деп жуўап берди.
23 Сонда патшаның қуўанышы
ишине сыймай, оны шуқырдан шы-
ғарыўды буйырды. Даниелди шу-
қырдан шығарған адамлар, оған
ҳеш қандай зыян тиймегенин көр-
ди, себеби Даниел өз Қудайына
исенген еди. 24 Патшаның буйрығы

бойынша, Даниелди наҳақ қара-
лаған адамлар алып келинип, ҳа-
яллары ҳәм балалары менен бирге
арысланлар турған шуқырға тас-
ланды. Олар шуқырдың түбине
жетпей атырып-ақ, арысланлар
оларға тасланып, сүйеклерин сын-
дырып, майдалап таслады.
25 Соннан кейин, патша Дарий
жер жүзиндеги барлық халықлар,
миллетлер ҳәм ҳәр бир тилдеги
адамларға былай деп хат жоллады:
«Сизлерге тынышлық ҳәм берекет
болсын! 26 Мен мынадай пәрман
шығараман: патшалығымдағы бар-
лық адамлар Даниелдиң Қудайы-
нан қорқып, қалтырасын, өйткени:

Ол мәңги бар болған тири
Қудайдур,
Оның патшалығы ҳасла
қуламас,
Ҳүкимдарлығы ҳеш қашан
таўысылмас.
27 Ол азат қылады ҳәм қутқарады,
Аспан менен жерде белги ҳәм
кәраматлар көрсетеди,
Ол қутқарды Даниелди
арысланлардың
пәнжесинен».

28 Солай етип, патша Дарий ҳәм
Персия патшасы Кир ҳүкимдарлық
жүргизген дәўирлерде Даниел та-
бысқа еристи.

### Даниелдиң төрт мақлуқ ҳаққында көрген аяны

7 1 Бабилония патшасы Белшас-
сардың патшалығының биринши
жылында Даниел төсегинде жатып,
түсинде аянлар көрди. Сонда ол тү-
син жазып, 2 былай деп баян қылды:
Түнде көрген аянда аспанның
төрт тәрепинен ескен күшли самал
уллы теңизди толқынландырып
атырған екен. 3 Сол теңизден бир-
бирине уқсамайтуғын үлкен төрт
жыртқыш мақлуқ шықты. 4 Би-
риншиси арысланға уқсайтуғын
еди. Онда бүркиттиң қанатлары
бар еди. Қандай да бир күштиң
оның қанатларын жулып таслаға-
нын ҳәм жерден көтерип, адамға
уқсатып еки аяққа турғызып қой-
ғанын көрдим. Сол мақлуққа адам-
ның жүреги берилди.
5 Екинши мақлуқ артқы аяқлары
менен турған айыўға уқсайтуғын
еди. Ол аўзына үш қабырға сүйекти
тислеп алған еди. Оған: «Қәне, той-
ғаныңша гөш же», – деп айтылды.
6 Соңынан қапланға уқсаған басқа
бир мақлуқты көрдим. Оның арқа-
сында қустың төрт қанаты бар еди
ҳәм ол төрт баслы еди. Оған ҳүким-
дарлық етиў ҳуқықы берилген еди.
7 Соннан кейин, түр-түси қорқы-
нышлы, айбатлы ҳәм жүдә күш-
ли төртинши мақлуқты көрдим.
Ол темир тислери менен барлы-
ғын шайнап, майдалап таслады.
Ал қалдықларын болса, аяқлары
менен басып езди. Ол алдыңғы
мақлуқларға уқсамайтуғын еди,
оның он мүйизи бар еди. 8 Мен усы
мақлуқтың мүйизлерин тамаша
қылып турғанымда, олардың ара-
сынан өсип шығып атырған және
бир кишкене мүйиз көрдим. Оған
орын босатыў ушын, алдыңғы он
мүйизден үшеўи түби менен қопа-
рылып түсти. Жаңа өсип шыққан
мүйизде адамның көзине уқсаған
көзлери ҳәм менменлик пенен сөй-
лейтуғын аўзы бар еди.

### Қудайдың ҳүкими

9 Мен тахтлардың орын-орынла-
рына қойылып, Әзелден Бар Бол-
ғанның өз орнына отырғанын
көрдим. Оның кийими аппақ қар-
дай, шашлары болса тап-таза ма-
мықтай еди. Оның тахты жанып
турған жалын, тахттың дөңгелек-
лери лаўлап турған от сыяқлы еди.
10 Оның алдынан отлы бир дәрья
ағып шықты. Мың-мыңлағанлар
Оған хызмет етип, он мың – он
мыңлағаны Оның алдында тур-
ды. Ҳүким басланды, китаплар
ашылды.
11 Менменлик пенен сөйлеп атыр-
ған сол кишкене мүйизге қарап
турғанымда, сол төртинши мақ-
луқ көз алдымда өлтирилди ҳәм
оның өлиги отқа тасланып, жоқ
қылынды. 12 Басқа мақлуқлардан
болса ҳүкимдарлық тартып алын-
ды, бирақ белгили бир ўақытқа
дейин жасаўына рухсат берилди.
13 Түнде көрген сол аянымда мен
аспан бултларында киятырған адам
улына уқсаған биреўди көрдим. Ол
Әзелден Бар Болғанның алдына
апарылды. 14 Оған ҳүкимдарлық,
уллылық ҳәм патшалық берил-
ди. Барлық халықлар, миллетлер
ҳәм ҳәр бир тилдеги адамлар оған
хызмет етти. Оның бийлиги таўы-
сылмайтуғын, мәңги ҳүкимдарлық,
патшалығы ҳеш қашан қуламайту-
ғын патшалықдур.

### Аянның мәниси

15 Даниел, яғный мен ишимнен
руўхый қатты тынышсызлан-
дым ҳәм көрген аяным мени қә-
ўетерге салды. 16 Мен сол жерде
турғанлардың бирине жақынлап,
булардың ҳәммесиниң ҳақыйқый
мәнисин айтып бериўин сорадым.
Ол маған аянның мәнисин ашып,
былай деп түсиндирип берди:
17 – Бул төрт үлкен мақлуқ – жер
жүзинде пайда болатуғын төрт пат-
ша. 18 Бирақ Қудай Тааланың му-
хаддеслери патшалықты қолға
алып, олар шексиз, мәңги ҳүким-
дарлық қылады.
19 Сонда төртинши мақлуқ туўра-
лы шын мәнисин билиўди қәлеген
едим, өйткени ол басқа мақлуқ-
лардан айрықша ҳәм қатты қор-
қынышлы еди. Темир тислери ҳәм
қола тырнақлары бар бул мақлуқ
барлығын шайнап майдалап, қал-
ғанларын болса басып езетуғын
еди. 20 Оның басындағы он мүйиз-
диң ҳәм жаңа өсип шыққан мү-
йиздиң мәнисин билиўди қәледим.
Сол мүйиз өсип шығып атырғанда,
орнындағы үш мүйизди түсирип
жиберген еди. Көзлери ҳәм мен-
менлик пенен сөйлейтуғын аўзы
бар бул мүйиз басқа мүйизлерге
қарағанда көбирек күшке ийе бо-
лып көринетуғын еди.
21 Мен тамаша қылып турғаным-
да, сол мүйиз мухаддес адамлар ме-
нен саўаш жүргизип, оларды жеңип
атырған еди. 22 Сонда Әзелден Бар
Болған келип, Өзиниң мухаддес-
лери ушын әдил ҳүким шығарды.
Қудайдың мухаддеслериниң пат-
шалықты қолға алатуғын ўақты
келген еди.
23 Сәўбетлесим даўам етип былай
деп түсиндирип берди:
– Төртинши мақлуқ – бул жер жү-
зинде ҳүкимдарлық қылатуғын
төртинши патшалықтың тымсалы.

Бул патшалық басқа патшалықлар-
дан айрықша болады. Ол пүткил
дүньяны шайнап, езип майдалап
таслайды. 24 Мақлуқтың он мү-
йизи – патшалықты басқарату-
ғын он патша. Кейинирек жаңадан
бир патша пайда болады. Бул пат-
ша алдынғы он патшадан айрық-
ша болады ҳәм олардың арасынан
үш патшаны тахттан түсирип тас-
лайды. 25 Ол Қудай Таалаға қарсы
сөзлерди айтып, Оның мухаддес-
лерин езеди. Мухаддес байрамлар
ҳәм нызамларды өзгертиўге ҳәре-
кет етеди. Қудайдың мухаддеслери
бир мүддет, еки мүддет ҳәм ярым
мүддет даўамында сол патшаның
зулымлығы астында болады. 26 Усы
мүддетлер тамамланғанда, аспанда
ҳүким жыйналысы басланады. За-
лым патша тахттан түсирилип, пүт-
киллей жоқ қылынады. 27 Қудай
Тааланың мухаддеслерине болса
патшалық, ҳүкимдарлық ҳәм аспан
астындағы барлық патшалықлар-
дың уллылығы бериледи. Олардың
патшалығы мәңги патшалық бола-
ды. Барлық ҳүкимдарлық оларға
бойсынып, хызмет етеди.
28 Көрген, еситкенлерим усылар-
дан ибарат еди. Мен, Даниел бул тү-
симнен сондай қатты қәўетерленип,
жүзим солғын тартып кеткен еди.
Деген менен, булардың ҳәммесин
ишимде сақладым.

### Қошқар ҳәм теке ҳаққындағы аян

**8** 1 Биринши аяннан кейин, патша
Белшассардың ҳүкимдарлығы-
ның үшинши жылында Даниелге,
яғный маған және бир аян көринди.
2 Бул аянда мен Элам ўәлаятының
Суза қорған қаласында, Улай кана-
лының бойында турған екенмен.
3 Мен канал бойында бир қошқар-
дың турғанын көрдим. Оның узын
еки мүйизи бар еди. Оның мүйизи-
ниң бири узынырақ, сол узын мү-
йизи екинши болып шыққан еди.
4 Қошқар батыс, арқа ҳәм қубла тә-
реплерге өзин урып атырғанын көр-
дим. Ҳеш бир ҳайўан оған қарсы
шыға алмайтуғын еди ҳәм оның қо-
лынан ҳеш нәрсени қутқара алмай-
туғын еди. Қошқар қәлегенин ислеп,
өзин айбатлы қылып көрсетти.
5 Буны тамаша қылып турғанымм-
да, батыс тәрептен бир текениң
пүткил жер жүзин аралап, туяқла-
ры жерге тийместен киятырғанын
көрдим. Оның көзлериниң орта-
сында бир үлкен мүйизи бар еди.
6 Ол бар күши ҳәм ғәзеби менен
мен көрген каналдың бойында тур-
ған еки мүйизли қошқарға қарай
тасланды. 7 Ғәзеп пенен қошқарды
сүзип, оның мүйизлерин сындыр-
ғанын көрдим. Қошқардың текеге
қарсы шығатуғын күши жоқ еди.
Теке оны жерге қулатып, басқылап
таслады, қошқарды оның қолынан
қутқаратуғын ҳеш ким болмады.
8 Теке қатты күшейип кетти, би-
рақ күш-қудиретке толған ўақытта,
оның үлкен мүйизи сынып түсти
ҳәм оның орнына төрт тәрепке қа-
йырылып, басқа үлкен төрт мүйиз
өсип шықты.
9 Сол мүйизлердиң биринен жә-
не бир кишкене мүйиз өсип шықты.
Кейин ол үлкейип, қублаға, шығыс-
қа ҳәм гөззал үлкеге қарай жайыла
берди. 10 Қудирети көкке жеткен
бул мүйиз аспан ләшкерлерине ҳү-
жим қылды. Аспан ләшкерлери

болған жулдызлардың базыларын
жерге түсирип, оларды басқылап
таслады. 11 Ҳәттеки, аспан ләш-
керлериниң сәркәрдасын менсин-
бей, оған берилетуғын күнделикли
қурбанлықларды тоқтатты. Мухад-
дес мәканды болса ўайран қылды.
12 Жаўызлық себепли аспан ләш-
керлери күнделикли қурбанлық-
лар менен бирге оған тапсырылды.
Ҳақыйқатты аяқ асты қылған сол
мүйиз ҳәр бир исинде табысқа ери-
сер еди.

13 Кейин бир периштениң сөй-
лесип атырғанын еситип қалдым.
Басқа бир периште оннан былай
деп сорады:

– Аяндағы бул жаўызлық күнде-
ликли қурбанлықлардың орнын
қашанға дейин ийелейди? Қашан-
ға дейин Мухаддес орын ҳәм аспан
ләшкерлери аяқ асты болады?

14 Екинши периште маған бы-
лай деди:

– Бундай аўҳал еки мың үш жүз
күн ҳәм түн даўам етеди. Соннан
кейин, Мухаддес орын пәкленип,
алдынғы ҳалына қайтарылады.

### Периште Жабрайылдың аянды түсиндирип бериўи

15 Мен, Даниел көрген аянның
мәнисин түсиниў ушын, басымды
қатырып турғанымда, күтилме-
генде, алдымда адам сүлдериндеги
биреў пайда болды. 16 Сол ўақытта
мен Улай каналынан: «Ҳәй, Жаб-
райыл, бул адамға аянның мәни-
син түсиндирип бер», – деп айтқан
адам даўысын еситтим. 17 Жабра-
йыл мен турған жерге жақынлас-
қанда, қорққанымнан ет бетимнен
жерге жығылдым. Бирақ ол маған:

– Ҳәй, инсан улы, бул ақырза-
ман ҳаққындағы аян екенин тү-
син, – деди.

18 Ол сөйлеп атырғанда естен
аўып, жерде созылып жатырған
едим. Деген менен, ол қолын со-
зып, мени аяққа турғызып қойды
да, 19 маған былай деди:

– Қулақ сал, Қудай Өз ғәзебин жер
жүзине шашыўды белгилеген ўақ-
тында, нелер болатуғынын саған
билдиремен. Себеби бул аян белги-
ленген ақырзаманға байланыслы.
20 Сен көрген еки мүйизли қошқар –
бул Мидия ҳәм Персия патшалары.
21 Жүнли теке болса – Грек пат-
шасы. Еки көзиниң ортасындағы
үлкен мүйиз – Грек тахтына оты-
ратуғын биринши патша. 22 Сынып
түскен мүйиздиң орнына шыққан
төрт мүйиз – сол халықтан шыға-
туғын төрт патшалықты билди-
реди. Тахтқа отырған төрт патша
алдынғы патшаға қарағанда ҳәл-
сиз болады.

23 Сол төрт патшаның ҳүким-
дарлығының ақыры жақынлап,
гүналары толып тасқанда, ҳийле-
керликке шебер, айбат жүзли бир
патша бас көтерип шығады. 24 Ол
жүдә күшейип кетеди, бирақ өз кү-
ши менен буған ериспейди. Ол ҳәм-
ме нәрсени ўайран қылып, барлық
ислеринде табысқа ериседи. Күшли
басшыларды ҳәм мухаддес халық-
ты қырып таслайды. 25 Ол сумлы-
ғы менен ҳийлекерлиги арқалы
табысқа ерисип, тәкаббирленип
кетеди. Көп адамларды ескертип
отырмай өлтиреди, ҳәттеки, ең ул-
лы патшалардың Патшасына қар-
сы бас көтереди. Бирақ ол инсан
қолы тиймей-ақ жоқ қылынады.

26 Саған айтылған азанға ҳәм кеш-
ке байланыслы аян ҳақыйқат. Сен
аянды сыр тут, өйткени бул узақ
келешекке байланыслы.
27 Усы ўақыядан соң, Даниелдиң,
яғный мениң мәнисим қашып, бир
неше күн аўырып жаттым. Соңы-
нан орнымнан турып, патшаның
хызметине қайттым. Деген менен,
бул аян мени пүткиллей ҳаўлықты-
рып таслаған еди. Мен оның мәни-
син түсинбеген едим.

### Даниелдиң өз халқы ушын дуўа етиўи

9 1 Бабилония патшалығына отыр-
ған мидиялы Ахашўерош улы
Дарийдиң ҳүкимдарлығының би-
ринши жылы еди. 2 Мен, Даниел Да-
рийдиң ҳүкимдарлығының дәслепки
жылында Мухаддес Жазыўларды
түсиниўге кирискен едим. Жаратқан
Ийениң пайғамбар Еремияға айтқан
сөзлери бойынша, Ерусалимниң жет-
пис жыл даўамында ўайран болып
жататуғынын билип алдым.
3 Сонда мен жүзимди Қудай Ийе
тәрепке бурып, жалбарынып дуўа
еттим, ораза туттым, аза кийимин
кийип, күлге отырдым. 4 Қудайым
Жаратқан Ийеге дуўа етип, гүнала-
рымызды мойынлап, былай дедим:
«О, Ийе, уллы ҳәм айбатлы Қудай!
Сени сүйип, буйрықларыңа бой-
сынғанлар менен дүзген келиси-
миңде садық қаласаң! 5 Ал бизлер
гүна ислеп, жаманлыққа қол урдық.
Жаўыз ислерди ислеп, Саған қар-
сы бас көтердик, буйрықларыңнан
ҳәм нызамларыңнан жүз бурдық.
6 Бизлер Сениң атың менен патша-
ларымызға, басшыларымызға, ата-
бабаларымызға ҳәм елимиздеги
барлық халыққа сөйлеген хызмет-
керлериң болған пайғамбарларға
қулақ салмадық.
7 Әдалатлық Сен тәрепте, Ийе!
Ал бизлер бүгин шерменде бол-
дық. Бизлер Саған қыянет етке-
нимиз ушын Яҳуда ҳәм Ерусалим
турғынларын – пүткил Израил
халқы болған бизлерди узақ ҳәм
жақын еллерге тарқатып жибер-
диң. 8 Жаратқан Ийе, Саған қарсы
гүна қылғанымыз ушын патшала-
рымыз, басшыларымыз, ата-баба-
ларымыз, – ҳәммемиз шерменде
болдық. 9 Қудай Ийемиз, бизлер
Саған қарсы бас көтерсек те, Сен
гүналарымызды кешириўши, ре-
ҳимли Қудайсаң. 10 Қудайымыз
Жаратқан Ийе, бизлер Саған қулақ
салмадық! Хызметкерлериң пай-
ғамбарлар арқалы бизлерге бер-
ген нызамларыңа әмел қылмадық.
11 Пүткил Израил халқы Ны-
замыңды бузып, ҳақ жолдан аз-
ғырылды, Саған қулақ салыўды
қәлемеди. Бизлер Саған қарсы
гүна қылғанымыз ушын, қулың
Муўсаның Нызамында жазылған
нәлетлер басымызға түсти, ишил-
ген антлар орынланды. 12 Аўа, Сен
бизлерге ҳәм басшыларымызға ес-
кертип айтқан сөзлериңди жүзеге
асырып, бизлерди үлкен апатқа
дуўшар еттиң. Ерусалимниң ба-
сына түскен аўыр апат жер жү-
зиндеги ҳеш бир жерде болмаған.
13 Муўсаның Нызамында жазыл-
ған барлық апатлар басымызға
түсти. Ал бизлер сонда да гүнала-
рымыздан қайтып, Қудайымыз
Жаратқан Ийениң мийрим-шәпә-
әтин излемедик, Оның ҳақыйқат
сөзин де еске алмадық. 14 Жаратқан

Ийе бизлерди бул апатларға дуў-
шар қылды, себеби Қудайымыз
Жаратқан Ийе ислеген ҳәр бир
исинде әдалатлы. Ал бизлер Оның
сөзине қулақ салмадық.
15 О, Қудай Ийемиз, Сен Өз хал-
қыңды Мысырдан қүдиретли қо-
лың менен алып шықтың ҳәм
ҳәзирге дейин атың даңққа бөлен-
ген. Ал бизлер гүна қылдық, жа-
ўызлыққа қол урдық. 16 Ийе, Сен
ҳақлығың бойынша Өз қалаң Еру-
салимнен, Өзиңниң мухаддес та-
ўыңнан ашыў ҳәм ғәзебиңди алып
таслай гөр! Бизлердиң гүналары-
мыз ҳәм ата-бабаларымыздың ны-
замсызлықлары себепли Ерусалим
ҳәм Өзиң таңлаған халқың қоңсы
халықлардың арасында хор болып
атыр. 17 Енди Қудайымыз, қулың-
ның дуўасын ҳәм жалбарыныўын
есит. Өзиң ушын, Ийе, ўайран бол-
ған Мухаддес мәканыңа нурлы жү-
зиңди қарат. 18 Қудайым, қулақ
салып, есит! Көзлериңди ашып,
бизлердиң шеккен азабымызға ҳәм
Өз атың менен аталған қалаңның
аўҳалына қара. Бизлер өз ҳақлы-
ғымызға сүйенип емес, ал Сениң
шексиз мийримиңе сүйенип жал-
барынамыз. 19 Ийе, қулақ сал! Ийе,
бизлерди кешир! Ийе, нәзер салып,
ҳәрекет ете гөр! Қудайым, Өзиң
ушын асыға гөр, өйткени бул қа-
ла ҳәм халық Сениң атың менен
аталған».

### Жабрайылдың аянды түсиндирип бериўи

20 Мен тынбай дуўа етип, өзим-
ниң ҳәм халқым Израилдың гүна-
ларын ашық мойынлап, Қудайдың
мухаддес таўы – Ерусалим ушын
Қудайым Жаратқан Ийеге жал-
барынып атырған едим. 21 Мен еле
дуўа етип атырғанымда, алдыңғы
аянымда көрген адам сүлдериндеги
Жабрайыл жылдам ушып, қасыма
келип турды. Бул кешки қурбан-
лық усынылатуғын ўақыт еди. 22 Ол
маған түсиндирип, былай деди:
– Даниел, мен саған даналық ҳәм
түсиник бериў ушын келдим. 23 Сен
Қудайға дуўа етип баслағаныңда,
Ол саған жуўап берген еди. Мен
жуўапты саған жеткизиў ушын
келдим, себеби сен Қудайдың сү-
йикли бендесисең. Қәне, енди ай-
татуғын сөзлериме жақсылап қулақ
сал, аянның мәнисин түсинип ал.
24 Жынаят ислерди тоқтатып,
гүналарға шек қойыў, айыпларды
пәклеў ҳәм мәңги әдилликти ор-
натыў, аян ҳәм пайғамбарлардың
сөзлери әмелге асып, жүдә мухад-
дес Ибадатхана қайта бағышланып,
майланыўы ушын Қудай сениң хал-
қың ҳәм мухаддес қалаң ушын жет-
пис ҳәпте белгиледи. 25 Мынаны
түсинип, билип ал: Ерусалимди
қайта қурыў ушын буйрық берил-
геннен баслап, майланған ҳүкимдар
келгенге дейин жетпис ҳәпте өте-
ди. Алпыс еки ҳәпте өткенде, Еру-
салим қаласы, оның көшелери ҳәм
қорғанлары қайта тикленеди, би-
рақ бул қыйыншылық дәўирде жүз
береди. 26 Алпыс еки ҳәпте өткенде,
майланған ҳүкимдар өлтириледи
ҳәм ол ерискен ҳәр бир нәрсе жоқ
болады. Кейинги келетуғын ҳү-
кимдардың әскерлери қаланы да,
Ибадатхананы да ўайран қылады.
Оның ақыры топан суўындай бо-
лып, урыс ақырына дейин даўам
етеди. Қудай қыйратыўды қарар

еткен еди. 27 Сол ҳүкимдар көп
халықлар менен бир ҳәпте күшли
бир келисим дүзеди. Сол ҳәптениң
ярымы өткенде, ол қурбанлық ҳәм
садақаларға шек қояды. Және де,
Ибадатханаға ўайран қылатуғын
жеркенишли бир затты орнатады.
Бул – ўайран қылыўшы ҳүкимдар-
ды жоқ қылыў ушын Қудай белги-
леген күнге дейин даўам етеди.

### Даниелдиң Тигр дәрьясының бойында көрген аяны

10 1 Персия патшасы Кирдиң
патшалығының үшинши
жылында, Белтешассар деп атал-
ған Даниелге бир аян келди. Ке-
лешекте жүз беретуғын күшли
саўашқа байланыслы болған бул
хабар ҳақыйқат. Даниел бул хабар-
ды аян арқалы түсинди.
2 Сол күнлери мен, Даниел үш
ҳәпте аза тутып жүрдим. 3 Үш ҳәп-
те даўамында ҳеш қандай тойымлы
аўқат жемедим, гөш пенен шарапты
аўзыма да алмадым ҳәм май сүрт-
педим. 4 Биринши айдың жигирма
төртинши күни мен уллы дәрьяның,
яғный Тигр дәрьясының бойында
турған едим. 5 Сонда мен үстинде
зығырдан тоқылған ақ кийими, бе-
линде таза алтыннан исленген бел-
беўи бар биреўди көрдим. 6 Оның
денеси сары яқыт сыяқлы жарқы-
рап, жүзи шақмақ жалынындай,
көзлери шомдай болып жанып тур-
ған еди. Оның аяқ-қоллары жыл-
тыр қоладай жылтырап, даўысы
аламан халықтың даўысындай
жаңғырып туратуғын еди.
7 Аянды жалғыз мен көрдим. Жа-
нымдағылар аянды көрмесе де,
олардың зәррелери ушқаны сон-
шелли, олар қашып, жасырынып
алды. 8 Сонда мен бир өзим қалдым.
Сол уллы аянды көрип атырғаным-
да, ҳәлсизленип, жүзим қуўарып,
диңкем де қалмаған еди. 9 Сон-
да периштениң даўысын еситтим.
Даўысты еситкенимде есимнен
аўып, ет бетимнен жерге жығыл-
дым. 10 Сонда бир қол маған тийип,
мени көтерип, қол ҳәм дизелериме
турғызып қойды.
11 Сол periште маған:
– Ҳәй, Даниел, сен Қудайдың сү-
йикли бендесисең. Қәне, тур! Саған
айтатуғын сөзлериме жақсылап қу-
лақ сал, өйткени ҳәзир мен сениң
алдыңа жиберилгенмен.
Ол маған усы сөзлерди айтып
атырғанда, мен қалтырап орным-
нан турдым.
12 Ол сөзин даўам етип, былай
деди:
– Қорқпа, Даниел! Сен бул хабар
ҳаққында түсиник алыўды нийет
етип, Қудайыңның алдында өзиң-
ди кишипейил тутқан күниңнен-ақ
сениң дуўаң қабыл етилди. Дуўа-
ларыңа жуўап бериў ушын алдыңа
келдим. 13 Бирақ Персия патшалы-
ғының ҳүкимдары жигирма бир
күн даўамында маған қарсы турды.
Мен Персия патшаларының ишинде
жалғыз қалғанымда, бас periште-
лердиң бири Михаил маған жәр-
демге келди. 14 Мен саған келешекте
халқыңның басына түсетуғын нәр-
селерди түсиндириў ушын келдим.
Бул аян сол күнлер ҳаққында.
15 Ол усы сөзлерди айтып атыр-
ғанда, мен басымды ийип, үнсиз
турған едим. 16 Соннан соң адам
баласына уқсаған биреў еринле-
риме қолын тийгизди. Сонда мен

де аўзымды ашып, алдымда тур-
ғанға былай дедим:
– Мырзам, бул аян мени қатты
қыйнап жиберди, диңкем қуры-
ды. 17 Мендей бир қулың қалайын-
ша мырзам менен сөйлесе алады?
Ҳалым қалмаған, демим тығылып,
зорға дем алып атырман.
18 Сонда адам улына уқсаған сол
биреў және бир мәрте қолын тий-
гизип, маған күш бағышлап, 19 бы-
лай деди:
– Ҳәй, Қудайдың сүйикли бенде-
си, қорқпа! Саған тынышлық бол-
сын! Күшли бол, аўа, күшли бол!
Ол маған сөйлеп атырғанда, ма-
ған күш-қуўат енип:
– Мырзам, сиз маған күш-қуўат
бердиңиз, енди айта бериң, – дедим.
20 Ол маған:
– Сениң алдыңа не ушын келге-
нимди билесең бе? Енди мен Пер-
сия патшалығының ҳүкимдары
менен урысыўға қайтып бараман.
Бирақ мен кеткеннен кейин, Грек
патшалығының ҳүкимдары келе-
ди. 21 Бирақ дәслеп Ҳақыйқат кита-
бында не жазылғанын саған айтып
беремен. Оларға қарсы гүресте ма-
ған сизлердиң ҳүкимдарыңыз Ми-
хаил periштеден басқа ҳеш ким
жәрдем бермейди, – деди.

# 11

1 – Мидиялы Дарийдиң ҳү-
кимдарлығының биринши
жылында, мен оған жәрдем берип,
қорғаў ушын оның қасында турған
едим.

### Қубла ҳәм арқа патшалықлары

2 – Енди мен саған ҳақыйқатты
айтаман. Персия патшалығында
және үш патша ҳүкимдарлық қы-
лады. Бирақ төртинши патша
басқаларына қарағанда байлығы
айтарлықтай көп болып, байлығы
арқалы күш арттырады ҳәм ҳәмме-
ни Грек патшалығына қарсы қоз-
ғайды.
3 Кейин тахтқа күшли бир патша
отырады, ол уллы ҳүкимдарлық
пенен басқарып, қәлеген исин қы-
лады. 4 Деген менен, ол күш-қуди-
ретке толып тасқанда, патшалығы
ыдырап, төртке бөлинип кетеди.
Тахт оның зүрядына берилмейди
ҳәм патшалықтың алдыңғы күш-
қудирети оларда болмайды. Себе-
би оның патшалығы түп-тамыры
менен жулып тасланып, оның зүр-
ядынан болмаған басқа биреўлер-
ге бериледи.
5 Сол арада қубла патшасы кү-
шейип кетеди, бирақ патшаның
сәркәрдарларынан бири күшейип,
патшаның салтанатынан гөре үл-
кенирек бир патшалыққа ҳүким-
дарлық қылады. 6 Бир неше жыл
өткеннен соң, қубла патшасы арқа
патшасы менен тынышлық кели-
симин дүзеди. Усы келисимди бек-
кемлеў ушын, қубла патшасының
қызы арқа патшасына барады. Де-
ген менен, қубла патшасының қы-
зы өз күшин жойтады ҳәм күшин
сақлай алмайды. Қыз, оның менен
бирге келген нөкерлери, баласы
ҳәм оны қоллап қуўатлаған қолға
тапсырылады.
7 Бирақ қубла патшалығының
тахтына қыздың ағайинлеринен
бири отырады. Ол арқа патшалы-
ғының ләшкерлерине ҳүжим қы-
лып, қорғанларын қолға алады ҳәм
олардың үстинен жеңиске ериседи.

8 Олардың мүсин қудайларын, қуйма бутларын, гүмис ҳәм алтыннан исленген қымбатбаҳа ыдысларын олжа қылып, Мысырға алып кетеди. Кейин бир неше жыл даўамында арқа патшасының тынышын бузбайды. 9 Соңынан арқа патшасы қубла патшасына бастырып барады, бирақ артқа шегиниўге мәжбүр болып, өз елине қайтып кетеди.

10 Кейин арқа патшалығының балалары урысқа таярланып, жүдә көп ләшкер жыйнайды. Ләшкерлер топан суўдай ағып, қубла патшалығының қорғанына ҳүжим қылады.
11 Ғәзепке минген қубла патшасы арқа патшасы менен саўашқа түседи. Арқа патшасының сансыз ләшкерлери душпан қолына тәслим қылынады. 12 Сансыз ләшкердиң үстинен жеңиске ерискен қубла патшасы тәкаббирленип кетеди ҳәм мың-мыңлаған әскерди өлтирсе де, оның жеңиси узаққа созылмайды.
13 Себеби бир неше жылдан кейин арқа патшасы алдынғысынан да көп ҳәм жақсы қуралланған ләшкерлери менен қубла патшалығына және бастырып барады.

14 Сол ўақытта көп адамлар қубла патшасына қарсы бас көтереди. Аян әмелге ассын, деп халқыңның арасындағы базы қозғалаңшылар да бас көтереди, бирақ табысқа ерисе алмайды. 15 Сонда арқа патшасы келип, қорған қаланы қамал қылады, ишине кириў ушын дийўалға топырақ үйип, оны қолға алады. Қубла патшалығының ләшкерлери арқа патшалығының күшине қарсы тура алмайды, ҳәттеки, қубла патшалығының сайланды ләшкерлери де жаўдың ләшкерлериниң күшли ҳүжимин қайтара алмайды. 16 Арқа патшасы қәлегенин ислейди, ҳеш бир адам оған қарсылық қылыўға жүрексинбейди. Ол гөззал Израил үлкесин қолға киргизип, оны ўайран етиў мүмкиншилигине ийе болады.
17 Алдын арқа патшасы өз патшалығының бар күши менен қубла патшалығын басып алмақшы болады. Ол қубла патшалығын жер менен жексен қылыў мақсетинде оның патшасы менен келисим дүзип, оған қызын узатады. Бирақ арқа патшасының бул жобалары пуш болып, табысқа ерисе алмайды. 18 Соннан соң арқа патшасы бурылып, теңиз бойындағы қалаларға ҳүжим қылып, көбисин қолға алады. Деген менен, бир сәркәрда бул тәкаббир патшаны тоқтатып, оның қылмысларына жараса жазасын береди. 19 Сонда арқа патшасы шегинип, өз елиндеги қорғанларға қайтады ҳәм жолда жеңилиске ушырап, изсиз жоқ болады.

20 Оның орнына арқа тахтына басқа бир патша отырады. Ғәзийнесин толтырмақшы болған бул патша салықшысын жиберип, адамларға көп салық салады. Бирақ қысқа ўақыт ишинде ол өледи. Оның өлими саўаштың ямаса биреўдиң қастыяншылығы нәтийжесинде жүз бермейди.

21 Оның орнына тахтқа отырған патша оңбаған бир адам болады. Патша зүрядынан болмаған бул адам күтилмегенде ҳийлекерлик пенен арқа патшалығының тахтына отырып алады. 22 Ол өзине қарсылық көрсеткен жүдә күшли әскерий орданы жоқ қылады.

Ҳәттеки, келисим дүзген ҳүким-
дарды да усы аўҳалға салады. 23 Ол
басқа халықлар менен келисим дү-
зип, ҳийлекерлик пенен ис тутады.
Оған ергенлердиң саны аз болы-
ўына қарамастан, оның күши бар-
ған сайын артып барады. 24 Ол бай
ўәлаятларға күтилмегенде басты-
рып барып, ата-бабалары ҳеш қа-
шан қылмаған ислерге қол урады.
Қолға киргизген олжа ҳәм мал-мү-
ликлерди өзиниң изине ергенлерге
бөлистирип береди. Қорғанларды
қолға алыў жобаларын дүзеди, би-
рақ бул жағдай узаққа созылмайды.
25 Ол күш-қүдиретин жыйнап,
қубла патшасына үлкен бир ләш-
кер тартып барады. Қубла патша-
сы да оғада қүдиретли ҳәм күшли
ләшкерлери менен урысқа шығады.
Бирақ оған қарсы дүзилген ҳийле-
керлик себепли артық қарсы тура
алмайды. 26 Қубла патшасының
өз табақласлары оған сатқынлық
қылады. Оның ордасы жеңилиске
ушырап, көбиси қырылып қала-
ды. 27 Сол еки патшаның жүрегин-
де жаман нийет болады. Олар бир
дастурханда отырып, бир-бирине
өтирик сөйлейди. Бирақ буннан
нәтийже шықпайды. Себеби бел-
гиленген ўақыт еле келмеген еди.
28 Арқа патшасы көп байлық пе-
нен өз елине қайтып кетеди. Бирақ
оның жүреги мухаддес келисим-
ге қарсы болады. Жолда ол нийе-
тин әмелге асырып, кейин өз елине
қайтады.
29 Белгиленген ўақытта арқа пат-
шасы қубла патшалыққа және жүрис
қылады, бирақ бул рет алдынғыдай
болмайды. 30 Батыстан келген ке-
мелери оған қарсылық көрсетеди,
руўхы түскен патша артқа шеги-
неди. Бирақ қайтып келгенде, ол
ашыўын мухаддес келисим дүз-
ген халықтан алады, мухаддес ке-
лисимнен бас тартқанларға болса
жақсылық қылады. 31 Оның ләш-
керлери Мухаддес мәканның қор-
ғанына бастырып кирип, Мухаддес
орынды ҳарамлайды. Күнделик-
ли қурбанлықларды тоқтатып,
ўайран қылатуғын жеркенишли
бир затты орнатады. 32 Сол патша
ҳийле менен келисимнен бас тарт-
қанлардың кеўлин таўып, оларды
өз тәрепине аўдырып алады. Ал
Қудайға садық қалғанлар болса,
бар күши менен оған қарсылық
көрсетеди. 33 Халықтың арасын-
дағы дана жолбасшылар адамларға
ақыллы нәсиятлар береди. Деген
менен, бир қанша ўақытқа дейин
олардың базылары қылыштан өле-
ди, отта жандырылады, базылары
зинданға тасланады, талан-тараж
болады. 34 Қуўғын ўақтында олар
азғантай жәрдем алады. Көплер
жағымпазлық пенен оларға қо-
сылады. 35 Қуўғын ўақтында бир
неше дана адамлар азап шегеди.
Усы арқалы ақырғы ўақытқа де-
йин олар усылайынша пәкленип,
тазаланады. Себеби белгиленген
ўақыт еле келмеген.
36 Арқа патшасы кеўли қәлеген
исти қылады. Ол өзин көкке кө-
терип, қудайлардан жоқары қоя-
ды. Қудайлардың Қудайына қарсы
сөйлеп, тил тийгизеди. Қудайдың
белгилеп қойған ғәзеп ўақты таўы-
сылғанға дейин, ол табыслы бола-
ды. Деген менен, Қудай өз жобасын
сөзсиз әмелге асырады. 37 Ол ата-
бабалары сыйынған қудайларды

ҳәм ҳаяллар жақсы көрген қудай-
ды менсинбейди. Ол өзин олардың
ҳәммесинен жоқары қойып, бирде
бир қудайды өз нәзерине илмейди.
38 Булардың орнына қорғанларды
қорғаўшы, деп аталған қудайды
уллылайды. Ата-бабалары табын-
баған бул қудайға алтын, гүмис,
қымбат баҳалы таслар ҳәм қым-
бат сыйларды садақа қылып, ҳүр-
мет көрсетеди. 39 Ол жат қудайдың
жәрдеми менен қорғанларын қор-
ғайды. Оны ҳақыйқый ҳүкимдар
деп тән алғанларға ҳүрмет-иззет
көрсетип, оларды көп адамлар-
дың үстинен басшы етип қояды
ҳәм оларға жерлерди саўға сыпа-
тында бөлип береди.

40 Заманның ақырында қубла
патшасы оған ҳүжим қылады. Би-
рақ арқа патшасы саўаш арбалары,
атлылары ҳәм көп кемелери менен
оған қуйындай бастырып барып,
жерлерди суў тасқыны сыяқлы
жайпап өтеди. 41 Ол гөззал Изра-
ил үлкесин де қолға алып, көпле-
ген еллердиң басына жетеди. Деген
менен, эдом, моаб ҳәм аммон хал-
қының басшылары оның қолынан
қашып қутылады. 42 Ол басқа ел-
лерге де қол салады, Мысыр да он-
нан қашып қутыла алмайды. 43 Ол
Мысырдың алтын, гүмис қазнала-
рына ҳәм барлық байлықларына
ийелик қылады. Ливиялылар ме-
нен хабашстанлылар да оған ба-
ғынышлы болады. 44 Деген менен,
шығыс ҳәм арқа тәрептен келген
хабарлар оны таң қалдырады. Бул
хабардан ғәзепленген патша жол-
ға атланып, көп адамларды қы-
рып таслайды. 45 Кейин теңиз ҳәм
гөззал мухаддес таў арасындағы
жерлерге барып, сол жерге патша-
лық шатырларын тигеди. Бирақ ол
сол жерде өледи, оған жәрдем бе-
ретуғын ҳеш ким болмайды.

### Ақырзаман

12 1 – Сол ўақытта халқыңды
қорғаўшы уллы ҳүкимдар,
Михаил периште пайда болады.
Өйткени миллетлер пайда бол-
ғаннан баслап улыўма жүз бер-
меген қорқынышлы азап дәўири
басланады. Сонда сениң халқың-
ның арасынан Қудайдың кита-
бына аты жазылған ҳәр бир адам
қутқарылады. 2 Өлип, топыраққа
көмилгенлердиң көпшилиги ояна-
ды: кимиси мәңгилик өмирге ийе
болады, кимиси шерменделик-
ке ҳәм мәңги уятқа дуўшар бола-
ды. 3 Даналар ашық аспан сыяқлы
жайнайды, адамларды әдил жол-
ға жетелегенлер болса, жулдыз-
лар яңлы удайына мәңги-бақый
жарқырайды. 4 Ал сен, Даниел,
китапты мөрле де, бул сөзлерди
ақырзаманға дейин сыр сақла. Көп
адамлар өзлерин ана жақтан мына
жаққа урып, билимин асырады.

### Даниелдиң еки периште ҳаққында көрген аяны

5 Сонда мен, Даниел дәрьяның
бойында пайда болған және басқа
екеўин көрдим: биреўи дәрьяның
берги жағасында, екиншиси арғы
жағасында турған еди. 6 Олардың
бири ағыстың жоқарғы жағын-
да турған зығыр кийимли периш-
теден:

– Қашанға дейин бул таң қалар-
лық ўақыя даўам етеди? – деп со-
рады.

[7] Суўдың жоқарғы жағында турған зығыр кийимли периштениң еки қолын аспанға созып, мәңги жасаўшы Қудай ҳақы ант ишкенин ҳәм мынадай сөзлер айтқанын еситтим:

– Бул таң қаларлық ўақыялар бир мүддет, еки мүддет ҳәм ярым мүддет даўам етеди. Мухаддес халықтың күш-қудирети толық жоқ болғанда, булардың ҳәммеси тамам болады.

[8] Сол адамның айтқан сөзлерин еситтим, бирақ түсинбедим ҳәм оннан:

– Мырзам, буның ақыбети не болады? – деп сорадым.

[9] Ол былай деп жуўап берди:

– Енди кете бер, Даниел. Бул сөзлер жабылып, ақырзаманға дейин мөрлеп қойылған.
[10] Көплер пәклениеди ҳәм ағарып, тазаланады. Бирақ напәк напәклигин даўам етеди. Напәклердиң биреўи де буны түсинбейди, даналар болса булардың барлығын түсинип алады.
[11] Күнделикли қурбанлықлар тоқтатылып, ўайран қылатуғын жеркенишли зат орнатылғаннан баслап 1290 күн өтеди.
[12] Ақырына дейин, яғный 1335 күн өткенше күтип, шыдағанлар қандай бахытлы!
[13] Сен, Даниел, өмир жолыңды даўам етип, бул дүньядан көз жумасаң. Бирақ ақырзаманда тирилип, сыйыңды аласаң.

# Ҳошеа пайғамбардың китабы

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Ҳошеа пайғамбар Амос пайғамбардан кейин Израилда, яғный арқа патшалықта, патшалық қуламастан алдын хызмет еткен. Израил патшалығы б. э. ш. 722-жылы қулаған.

Китаптың дәслепки үш бабында Ҳошеаның шаңарақ қурыўы сүўретленеди. Ҳошеаның шаңарағы Израил елинде ўаз етип айтқан хабарының жанлы сүўрети болып хызмет етеди. Қудай Өз халқы Израилдың бийопалығын көрсетпекши болып, Ҳошеаға: «Бузық ҳаялға үйлен», – деп буйырады. Бузық ҳаял Ҳошеаға үш перзент туўып береди. Ҳошеаның перзентлерине Қудай Израил халқының жазаланыўын еслетип туратуғын атларды қояды. Қудай Ҳошеаға: «Бийопа ҳаялыңды сүй», – деп буйырады, себеби бул Қудайдың бийопа Израил халқына болған мәңги сүйиспеншилигиниң тымсалы болады.

Китаптың қалған бөлиминде Қудайдың Израил халқы менен дүзген келисимине айрықша итибар бериледи. Бул келисим бойынша, Қудай ҳәм Израил халқы бир-бирине садық болыўы тийис. Қудай ҳәмме ўақытта келисим шәртлерин орынлап келеди, Израил халқы болса ҳәр сапары келисим шәртлерин бузады. Олар Қудайдың жәрдемине исенбей, ләшкериниң күши ҳәм басқа еллердиң жәрдеми менен өзлерин қорғамақшы болады. Буннан тысқары, бутларға табынып, жақсы жемис жыйнап аламыз, малларымыз көбейеди, деп үмитин бутларға байлайды.

Израил ҳәм Яҳуда халықлары Қудайдан жүз бурады, Қудай олар менен бул ҳаққында айтысады, келисимди бузғанлығын айтып оларды айыплайды. Олар ислеген гүналары ушын жазасын тартады.

Гүналарына қарамай, Қудай Өз халқын сүйеди. Ақыры, Қудайдың шексиз сүйиспеншилиги олардың жүрек төрин ийелеп алады, Қудай ҳәм халық арасындағы қарым-қатнас тикленеди.

1 1 Яҳуда патшалары Уззия, Ио-
там, Ахаз, Хизкия ҳүкимдарлық
еткен ўақытлары ҳәм Израил пат-
шалары Еҳоаш улы Яробам ҳүким-
дарлық еткен ўақытлары Беерий улы
Ҳошеаға Жаратқан Ийеден сөз түсти.

### Ҳошеаның ҳаялы ҳәм балалары

2 Жаратқан Ийе Ҳошеа арқалы
сөйлей баслап, оған былай деди:
– Бар, бир бузық ҳаялға үйлен,
оның бузықшылық пенен туўған
балалары болады. Өйткени бул ел
де Жаратқан Ийеден бас тартып,
опасызлық қылды.
3 Солай етип, Ҳошеа Диблайым-
ның қызы Гомерге үйленди. Гомер
ҳәмиледар болып, Ҳошеаға ул ту-
ўып берди. 4 Жаратқан Ийе Ҳошеа-
ға былай деди:
– Улыңның атын Изреел деп қой.
Себеби узақ ўақыт өтпей, Мен пат-
ша Еҳудың шаңарағын Изреелде қан
төккени ушын жазалайман. Изра-
ил патшалығын жоқ қыламан. 5 Сол
күни Мен Изреел ойпатлығында
Израилдың садағын сындыраман.
6 Гомер және ҳәмиледар болып,
қыз туўды. Жаратқан Ийе Ҳошеаға:
– Қыздың атын Ло-Рухама[a] деп
қой. Өйткени буннан былай Мен
Израил халқына реҳим қылмай-
ман, оларды кеширмеймен. 7 Би-
рақ Яҳуда халқына реҳим қыламан.
Оларды садақ, қылыш, саўаш, ат ҳәм
атлылар арқалы емес, ал олардың
Қудайы болған Мен, Жаратқан Ийе,
Өз күшим менен қутқараман, – деди.
8 Гомер Ло-Рухаманы емшектен
шығарғаннан соң, және ҳәмиледар
болып, ул туўды. 9 Жаратқан Ийе
былай деди:
– Улыңның атын Ло-Аммий[b] деп
қой. Өйткени енди сизлер Мениң
халқым емессиз, Мен де сизлердиң
Қудайыңыз емеспен. 10 Деген ме-
нен, Израил халқы теңиздеги қум
сыяқлы көп болып, оларды өлшеп
те, санап та болмайтуғын ўақыт
келеди. Оларға: «Сизлер халқым
емессиз», – деп айтылған жерде:
«Тири Қудайдың балаларысыз», –
деп айтылады. 11 Сонда Яҳуда ҳәм
Израил халықлары қайтадан бир-
лесип, өзлерине бир басшы таңлай-
ды. Олар өз елинде өсип, гүллеп
жаснайды. Солай етип, Изреелдиң[c]
күни уллы бир күн болады.

2 1 Жаратқан Ийе былай деди:
«Аға-инилериңизди Аммий[d],
әжапа-қарындасларыңызды Руха-
ма[e], деп шақырың».

### Израилдың опасызлығы

2 «Анаңыздың айыбын бетине
басың, аўа, айыбын бетине
басың,
Ол енди ҳаялым емес,
Мен де оның күйеўи емеспен.
Жүзиндеги бузықшылық
бояўын өширип,
Алып тасласын көкирегиндеги
бузықшылық белгисин.

---

a **1:6** *Ло-Рухама* – «реҳим етилмеген» дегенди билдиреди.
b **1:9** *Ло-Аммий* – «Мениң халқым емес» дегенди билдиреди.
c **1:11** *Изреел* – «Қудай егеди» дегенди билдиреди.
d **2:1** *Аммий* – «Мениң халқым» дегенди билдиреди.
e **2:1** *Рухама* – «реҳим етилген» дегенди билдиреди.

3 Болмаса, Өзим оның кийимин
шешип, жалаңаш қыламан,
Анасынан туўылғандай етип,
ҳәмменің алдына қояман.
Кеўип қалған жердей, шөл
даладай етип,
Суўсызлықтан өлтиремен.
4 Балаларына реҳим қылмайман,
Өйткени олар бузықшылықтан
туўылған.
5 Олардың анасы бузықшылық
қылды,
Шерменделик пенен оларға
ҳәмиледар болды.
Ол былай деди:
„Ойнасларымның изинен
еремен,
Нанымды, суўымды, жүн ҳәм
зығыр таўарымды,
Зәйтүн майымды ҳәм
ишимлигимди олар береди“.

6 Соның ушын, тосаман жолын
тикенлер менен,
Жолын таба алмасын деп,
дийўал қураман.
7 Ойнасларының изинен қуўады,
Бирақ оларға жете алмайды,
Оларды излейди, бирақ таба
алмайды.
Сонда ол былай дейди:
„Күйеўимниң алдына қайтып
барайын,
Сол ўақыттағы аўҳалым
ҳәзиргиден жақсы еди!“
8 Бийдай, шарап ҳәм зәйтүн
майын,
Оған Мен бергенимди билмеди.
Баал ушын қолланған гүмис
пенен алтынды да,
Оған Мен бергенимди билмеди.
9 Соның ушын, зүрәәт ўақтында
тартып аламан бийдайымды,
Жыйын-терим мәўсиминде
алып қояман таза
шарабымды.
Жалаңаш денесин жаўып
турған жүн ҳәм зығыр
таўарларымды қайтарып
аламан.
10 Мине, енди ойнасларының көз
алдында,
Оны жалаңашлап, абырайын
төгемен,
Ҳеш ким оны қутқара алмайды
Мениң қолымнан.
11 Пүткил қуўанышларына, үлкен
байрамларына,
Жаңа Ай байрамына ҳәм
Шаббат күнлерине,
Барлық белгиленген
байрамларына шек қояман.
12 „Ойнасларымның берген
төлеми“, деп айтқан,
Жүзимзарлары менен әнжир
бағларын ўайран етемен,
Ҳәммесин тоғайлыққа
айландыраман.
Бағлары жем болады жабайы
ҳайўанларға.
13 Бааларға арналған байрам
күнлери,
Оған арнап түтетки түтеткени
ушын,
Сырға ҳәм тағыншақлар менен
безенип,
Ойнасларының изинен жүрип,
Мени толық умытқаны ушын,
оны жазалайман», – дейди
Жаратқан Ийе.

### Жаратқан Ийениң Израилға деген сүйиспеншилиги

14 «Ал енди, оның кеўлин табаман,
Шөлге алып барып, жыллы
сөйлесемен.

15 Соннан кейин оған
жүзимзарларын қайтарып
беремен,
Ахор[a] ойпатлығын үмит есиги
қыламан.
Жаслық ўақтындағыдай,
Мысырдан шыққан
күнлериндегидей,
Ол Маған: „Аўа“, – деп жуўап
береди.

16 Сол күни, – дейди Жаратқан
Ийе, – сен Мени „Күйеўим“, деп
шақырасаң, артық „Мырзам“[b] де-
мейсең. 17 Бааллардың атларын
қайтып тилиңе алмайтуғын қы-
ламан. Олардың атлары қайтадан
ядқа алынбайды. 18 Сол күни олар
ушын жабайы ҳайўанлар, аспанда-
ғы қуслар ҳәм жер баўырлаўшы-
лар менен келисим дүземен. Сол
жерден садақ ҳәм қылышларды,
барлық саўаш қуралларын жоқ қы-
ламан. Сонда олар қәўипсиз жата-
туғын болады. 19 Мен сени Өзиме
мәңгиге некелеп аламан. Саған
ҳәмме ўақытта әдалатлы ҳәм әдил,
сүйиспеншиликли ҳәм мийрим-шә-
пәәтли қатнаста боламан. 20 Сениң
менен болған некеге садық қала-
ман, сен Мени Жаратқан Ийе, деп
билесең.

21 Сол күни жуўап беремен,
– дейди Жаратқан Ийе, –
Мен аспанға, аспан болса жерге
жуўап береди.
22 Жер бийдай, таза шарап ҳәм
зәйтүн майы менен жуўап
береди,
Олар Изреелге жуўап береди.
23 Сол ўақытта Мен оны Өзим
ушын усы жерге егемен.
Ло-Рухамаға реҳим көрсетемен,
Ло-Аммийге: „Мениң
халқым“, – деймен.
Ол да Мени: „Мениң
Қудайым“, – деп
шақырады».

## Ҳошеа ҳәм оның опасыз ҳаялы

3 1 Жаратқан Ийе маған былай
деди:
– Сен және бар! Ойнасы бар ҳәм
бузықшылық ислеген болса да,
ҳаялыңа қайтадан сүйиспенши-
лигиңди көрсет. Жаратқан Ийе
болған Мениң Израил халқын сүй-
геним сыяқлы, сен де ҳаялыңды
сүй. Израил халқы басқа қудай-
ларға бурылып кетти ҳәм нығыз-
ланған кишмишти жақсы көреди.
2 Солай етип, мен он бес шекел[c]
гүмиске, бир ярым хомер[d] арпаға
өз ҳаялымды қайтарып сатып ал-
дым. 3 Оған:
– Сен узақ ўақыт мениң менен жа-
сайсаң. Бузықшылық қылмайсаң.
Бирде бир еркекке жақынламай-
саң, мен де саған жақынласпай-
ман, – дедим. 4 Өйткени Израил
халқы да узақ ўақыт даўамын-
да патшасыз, басшысыз, қурбан-
лықсыз, кийели тассыз, эфод[e] ҳәм

---

a **2:15** *Ахор* – «апат» дегенди билдиреди.
b **2:16** Сөзбе-сөз: «Баалым».
c **3:2** *Он бес шекел* – бир шекел шама менен 11 гр.
d **3:2** *Бир ярым хомер* – бир хомер шама менен 220 л.
e **3:4** *Эфод* – сөзликке қараң.

кийели мүсинсиз жасайды. [5] Сон-
нан кейин, Израил халқы қайта-
дан Қудайы Жаратқан Ийени ҳәм
Даўыт патшаны излейди. Ақырғы
күнлерде олар Жаратқан Ийеден
қорқып, Оның ийгилигин қабыл-
лайтуғын болады.

## Жаратқан Ийениң Израил халқын айыплаўы

4 [1] Тыңлаң Жаратқан Ийениң
сөзин, Израил халқы,
Жаратқан Ийениң бул елдиң
турғынларына қарсы
даўасы бар:
«Бул елде садықлық та,
сүйиспеншилик те, Қудай
ҳаққында билим де жоқ,
Мени, Өз Қудайын танығысы
келмейди.
2 Ол жерде нәлет, жалған, адам
өлтириў, урлық,
Ҳәм бузықшылық толып
кеткен.
Ҳәмме жақта зорлық, қан
үстине қан төгеди.
3 Соның ушын, жер көз жас
төгеди,
Ол жерде жасайтуғын халық
ҳәлсирейди.
Набыт болар жабайы
ҳайўанлар,
Көктеги қуслар, ҳәттеки
теңиздеги балықлар».

## Жаратқан Ийениң руўханийлерди айыплаўы

4 «Бирде биреўиңиз даўласпаңлар,
Ҳеш ким бир-бирин
айыпламасын,
Мениң даўам сизлерге қарсы,
ҳәй руўханийлер!
5 Сизлер күндиз жығыласыз,
Пайғамбар да түнде сизлер
менен бирге сүрнигеди,
Мен анаңызды набыт қыламан.

6 Жоқ болмақта халқым Мени
билмегени ушын,
Өйткени сизлер ўаз кештиңиз
Мени билиўден,
Маған руўханий болып хызмет
етпесин, деп,
Мен де ўаз кешемен сизлерден.
Сизлер умыттыңыз
Қудайыңыздың
нызамларын,
Соның ушын, Мен де
перзентлериңизди
умытаман.
7 Руўханийлер, сизлердиң
саныңыз артқан сайын,
Маған қарсы көп гүна
қылдыңыз.
Енди абырайыңызды төгип,
шерменде қыламан.
8 Сизлер халқымның гүна
қурбанлықлары арқалы
жасайсыз,
Олардың гүна қылыўын
қәлейсиз.
9 Халқымның басына түскен
сизлердиң де басыңызға
түседи.
Тутқан жолыңыз бойынша
жазалайман,
Қылған қылмысыңызға жараса
қайтараман.
10 Олар жейди, бирақ тоймайды
қарны,
Бузықшылық қылады, бирақ
көбеймейди саны.
Олар бузықшылық ушын,
Жаратқан Ийени тәрк
етти».

### Қудайдың бутқа табыныўшыларды ҳүким қылыўы

11 «Жаңа ҳәм ески шарап,
Халқымды ес-ақылынан айырды.
12 Олар ағаш буттан кеңес сорап,
Таяқтан жууап алады.
Өйткени жолдан урды оларды
бузықшылық руўхы,
Өз Қудайынан айырылып,
бузықшылық қылды.
13 Таўлардың төбелеринде
қурбанлықлар шалып,
Түтетки түтетип атыр
төбешиклерде,
Емен, ақ терек ҳәм
теребинфлердиң қойыў
саяларында.
Соның ушын, қызларыңыз
бузық болды,
Келинлериңиз неке
ҳадаллығын бузды.
14 Бузықшылық қылған
қызларыңызды,
Неке ҳадаллығын бузған
келинлериңизди
жазаламайман.
Себеби еркеклердиң өзлери
бузықларға барады,
Бутқа табынатуғын жерде
бузықлар менен бирге
қурбанлық шалады.
Ес-ақылынан айырылған
халық өледи.

15 Сен, Израил бузықшылық
қылсаң да, Яҳуда бул
айыпқа қол урмасын.
Табыныў ушын Гилгалға
барман, Бейт-Аўенге[a] де
аяқ баспаң.
Тири Жаратқан Ийе ҳақы ант
ишпең.
16 Израил қайсар сыйырдай болып
кетти,
Енди Жаратқан Ийе оларды
Қалай бағады қойдай етип кең
жайлаўда?
17 Эфрайым[b] бутларға жүрегин
берди,
Қой оны!
18 Олар шарабын таўысылғанша
ишип,
Бузықшылық жолын даўам
етеди,
Олардың ҳүкимдарлары
шерменделикти жақсы
көрди.
19 Даўыл оларды ушырып алып
кетеди,
Бутларға берген
қурбанлықлары себепли
уятқа қалады».

### Израил ҳәм Яҳуданың ҳүким етилиўи

5 1 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Ҳәй, руўханийлер,
еситиңлер!
Ҳәй, Израил халқы, дыққат
пенен тыңлаңлар!
Қулақ салың, ҳәй патша
шаңарағы!
Сизлерге қарсы ҳүким
шығарылды.
Сизлер Миспада адамлар ушын
дузақ,

---

a **4:15** *Бейт-Аўен* – «жаўызлық үйи» дегенди аңлатады. Ҳошеа Бейт-Эл қаласын сол жердеги бутпаразлық себепли усылай атады.
b **4:17** *Эфрайым* – арқа патшалық Израил нәзерде тутылған.

Табор таўында жайылған бир
тор болдыңыз.
2 Сизлер терең баттыңыз
Шиттимде,
Бирақ Мен ҳәммеңизди
жазалайман.
3 Эфрайым, сени жақсы билемен,
Израилда да Мениң ушын
жасырын нәрсе жоқ.
Эфрайым, ҳәзир сен
бузықшылық қылып
кеттиң,
Израил, сен өзиңди
ҳарамладың.
4 Ислеген ислери Қудайына
қайтыўына жол қоймайды,
Себеби олардың ишинде
бузықшылық руўхы бар,
Олар Жаратқан Ийени
танымады.
5 Израилдың менменлиги өзине
қарсы гүўалық береди,
Өз жынаяты себепли қулайды
Израил, яғный Эфрайым,
Яҳуда да оның менен бирге
қулайды.
6 Қой ҳәм маллары менен
Жаратқан Ийени излейди,
Бирақ Оны таба алмайды,
Өйткени Жаратқан Ийе оларды
таслап кетти.
7 Олар Жаратқан Ийеге
опасызлық етти,
Некесиз балалар туўды.
Жаңа ай байрамы олардың
өзлерин,
Және де, егинлерин жалмап
жутады».

## Израил менен Яҳуда арасындағы урыс

8 «Гибада кәрнай, Рамада кәрнай
шертиң,
Бейт-Аўенде саўаш дабылын
урың,
Душпан изиңизден киятыр, ҳәй
Бенямин!
9 Жаза күни Эфрайым қаңырап,
босап қалады,
Израил урыўларына
жәриялағаным сөзсиз жүз
береди.
10 Яҳуда басшылары жер
шегарасының сызығын,
Жылыстырғанларға уқсайды,
Суў тасқынындай етип,
ғәзебимди төгемен
олардың үстине.
11 Ҳүким ўақтында Эфрайым азап
шегип, езилди,
Өйткени бийҳуда затларға
ериўди абзал көрди.
12 Мен Эфрайымды күйе сыяқлы
жеп,
Яҳуда халқын қурт сыяқлы
кемиремен.
13 Эфрайым өзиниң кесел екенин,
Яҳуда өз жараларын көргенде,
Эфрайым Ассирияға кетти,
Уллы патшадан жәрдем сорап,
елши жиберди,
Бирақ ол шыпа бере алмайды
сизлерге,
Жараңызды тәўир қыла
алмайды.
14 Өйткени Мен Эфрайымға
арыслан сыяқлы,
Яҳуда халқы ушын күшли бир
арысландай боламан.
Оларды Өзим тилкимлеп,
майдалап таслайман,
Сүйреп, Өзим алып кетемен.
Оларды ҳеш ким қутқара
алмайды.
15 Олар өз гүнасын мойынлаған
ўақытқа дейин,

Мен оларды таслап кетемен.
Азап ишинде жүргенде, Мениң
жүзимди излеп, олар
Маған қайтады».

**Халықтың өтириктен тәўбе қылыўы**

6 1 Бул халық былай дейди:
«Келиңлер, Жаратқан Ийеге
қайтайық!
Ол бизлерди тилкимлеп,
майдалап таслады,
Шыпаны да Өзи береди.
Бизлерди жарадар қылды,
Жараларымызды Өзи таңады.
2 Еки күнде бизлерди өмирге
қайтарады,
Үшинши күни аяққа турғызады,
Оның дәргайында жасаймыз.
3 Келиңлер, Жаратқан Ийени
билиўге умтылайық,
Оны билиўге ғайрат салайық.
Ол таң атыўындай сөзсиз
келеди,
Жерди суўғаратуғын жаўын
сыяқлы,
Аўа, бәҳәр жаўынындай
бизлерге келеди».

4 Қудай былай дейди:
«Саған не қылайын, ҳәй
Эфрайым?
Саған не қылайын, ҳәй Яҳуда?
Сүйиспеншилигиңиз таңдағы
думандай тез жоқ болады,
Ерте азанғы шық сыяқлы
парланып кетеди.
5 Соның ушын, сизлерди
пайғамбарларым арқалы
шаўып тасладым,
Аўзымнан шыққан сөзлерим
менен өлтирдим,
Таң нурының шығатуғынындай,
Шығарған ҳүкимим сөзсиз
жүзеге асады.
6 Өйткени Мен қурбанлық емес,
Мийрим-шәпәәт қәлеймен,
Жандырылатуғын
қурбанлықларды емес,
Мени, Қудайды танып,
билиўиңизди қәлеймен.
7 Халқым Адам-ата сыяқлы
келисимди бузды,
Аўа, ол жерде Маған
опасызлық қылды.
8 Гилад – жаўызлардың қаласы,
Көшелери қан излерине толы.
9 Қарақшылар буққыда жатып,
қурбанын аңлыйды,
Руўханийлер топары да оларға
уқсайды.
Шехем қаласына баратуғын
жолда адам өлтиреди,
Аўа, олар жеркенишли
жынаятқа қол урады.
10 Мен Израилда қорқынышлы
ҳәдийсени көрдим:
Эфрайым бузықшылық қылды,
Израил өзин ҳарамлады.
11 Ҳәй, Яҳуда, сениң де жаза
күниң белгиленди.

Мен халқымды және
абаданшылыққа
еристирмекши болғанымда,

7 1 Израилды шыпаламақшы
болғанымда,
Эфрайымның айыплары
әшкара болды,
Самарияның жынаяты
ашылды.
Олар ҳийлекерлик пенен ис
тутады,
Урылар үйлерге урлыққа
түседи,

Қарақшылар жол тосып
тонаўшылық қылады.
2 Олардың ислеген жаўыз ислери
ядымда,
Бирақ олар буны ойламайды
да.
Енди жаўыз ислери өзлерин
қоршап алды,
Сол гүналар Мениң көз
алдымда.

3 Олар жаманлықлары менен
патшаның,
Жалғанлары менен
ҳәмелдарларының кеўлин
көтерер.
4 Олардың ҳәммеси
бузықшылыққа ҳәўес,
Олар қамырды ийлегеннен
баслап,
Ол ашығанға дейин,
Өшпей жанып турған тандырға
уқсайды.
5 Патшасының байрамы күни,
Ҳәмелдарлар шараптың
қызыўына мәс болды,
Патша сурбетлер менен
табақлас болды.
6 Олар ҳийле менен оған жақын
болар,
Жүреклери пештей жанар,
Түни менен ғәзептен пысқып,
Азанда жалындай лаўлайды.
7 Тандырдай қызған бул барлық
адамлар,
Ҳүкимдарларын жалмамай
жутып атыр.
Нәтийжеде патшалары
биринен кейин бири өлип
атыр,
Бирақ Мени жәрдемге
шақырмады биреўи де.
8 Эфрайым басқа халықлар менен
араласып кетти,
Ол бир жағы күйип, бир жағы
шийки қалған нанға
уқсайды.
9 Өзге халықлар оның күшин
жалмады,
Ол болса, буны аңламады.
Шашларына ақ түсти,
Бирақ буны да байқамады.
10 Израилдың менменлиги, өзине
қарсы гүўалық берер,
Басына түскен апатларға
қарамай,
Өз Қудайы Жаратқан Ийеге
қайтпады,
Олар Мени излемеди.

11 Эфрайым сана-сезими жоқ,
ақылсыз кептерге уқсайды,
Олар биресе Мысырды
шақырып,
Биресе Ассирияға барып,
жәрдем сорайды.
12 Олар кеткенде, Мен торымды
олардың үстине таслайман,
Аспанда ушып жүрген қустай
етип, жерге түсиремен.
Оларды жыйынында
айтылғаны бойынша
жазалайман.
13 Ҳәсирет болсын, оларға!
Себеби олар Меннен узақласып
кетти!
Апат жаўады олардың
басларына,
Өйткени Маған қарсы бас
көтерди!
Оларды қутқарғым келеди,
Бирақ Маған жалған сөйлейди.
14 Олар Маған шын жүректен
жалбарынбайды,
Төсеклеринде жатып, бақырады.

Бийдай ҳәм шарап ушын олар
өз денелерин тиледи[a].
Меннен олар узақласады.
15 Оларға тәлим-тәрбия берип,
күшейткен болсам да,
Олар Маған қарсы жаманлық
ойлады.
16 Олар жарамсыз садаққа уқсайды,
Маған, Қудай Таалаға жүзин
бурмайды.
Ақылсыз сөзлери себепли,
Басшылары қылыштан өледи,
Мысырда олар күлки болады».

## Қудайдың бутқа табыныўшыларды айыплаўы

**8** 1 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Кәрнай шалып, дабыл салың!
Душпан бүркиттей Жаратқан
Ийениң халқының үстинде
ушып жүр,
Себеби халқым келисимимди
бузды,
Олар нызамыма қарсы шықты.
2 Израил халқы Маған дад салып:
„Қудайым, Сени тән аламыз!“ –
дейди.
3 Өзлери болса, ийгиликли
ислерден бас тартты,
Душпанлар қуўғын қылады
оларды.
4 Олар Менсиз патшалар
тайынлады,
Рухсатымсыз басшылар сайлады.
Гүмис ҳәм алтынынан өзлери
ушын бутлар соқты,
Усы арқалы басларына апат
келтирди.
5 Ҳәй, Самария! Сениң тана
сүлдериндеги бутың
жеркенишли,
Сизлерге қарсы ғәзебим лаўлап
жанбақта!
Қашан айыпсыз болып
жүресиз?
6 Өйткени бул Израилдың иси,
Бутты бир өнермент соқты,
сонлықтан ол Қудай емес!
Самарияның мүсин танасы
сындырып тасланады.
7 Самал еккен адамлар боран
орып алар,
Масақсыз бийдай ун болмас.
Бийдайыңыздың масағы
болғаны менен,
Оны бөтен халықлар жеп кетер.
8 Израил жалмап жутылды,
Басқа халықлар арасында
жарамсыз ыдысқа уқсап
қалды.
9 Жалғыз қаңғып жүрген
қуландай,
Олар Ассирияға кетти.
Эфрайым өзине ойнаслар
жаллады.
10 Олар басқа халықлардан
ойнаслар жалласа да,
Мен оларды бир жерге жыйнап
аламан.
Күшли патшаның зулымлығы
астында,
Олар тез арада ҳәлсизленип
қалады.

11 Эфрайым гүналарын
жуўмақшы болып,
Көп қурбанлық орынлар қурып
таслады.
Булар болса, гүна ислейтуғын
орынға айланды.
12 Мен бул халыққа көп нызамлар
жаздым,

---

[a] **7:14** Баалға табыныўшылар тәрепинен исленген ҳәрекет. 3Пат 18:28.

Бирақ олар нызамларымды
жат нәрсе деп санады.
13 Олар қурбанлықлар береди,
Өзлери қурбанлық гөшинен
жейди,
Бирақ Жаратқан Ийениң,
Мениң кеўлим толмас
оларға.
Олардың жынаятларын еске
аламан.
Гүналары ушын жазасын
беремен,
Олар Мысырға қайтып
кетеди.
14 Израил Өз Жаратыўшысын
умытып, сарайлар қурды,
Яҳуда көп қалаларды
беккемледи.
Бирақ Мен қалаларына от
қояман,
Қорғанларын отқа жем
қыламан».

### Израил халқының жазаланыўы

9 1 Ҳәй Израил, басқа халық-
лардай қуўанып, шадланба!
Сен опасызлық қылып,
Қудайдан узақластың,
Барлық қырман жеринде,
Бузықшылыққа төленген
төлемди жақсы көрдиң.
2 Ал енди қырман да, шарап
сығатуғын искенже де
халықты тойдырмас,
Таза шарап та олардың үмитин
ақламас.
3 Олар Жаратқан Ийениң
жеринде қалмайды,
Эфрайым Мысырға қайтып
кетеди.
Ассирияда ҳарам саналған
азық-аўқатларды жейди.
4 Қурбанлықларың лазымдағы
нан сыяқлы болып,
Оннан жегенлердиң ҳәммеси
ҳарам саналады.
Жаратқан Ийеге ишимлик
садақасын қуймаң,
Алып келген қурбанлықларың
Оған мақул болмас.
Олардың наны тек ғана қарын
ушын,
Бундай нанлар Жаратқан
Ийениң Үйине
киргизилмес.

5 Не ислей аласыз белгиленген
байрамларда,
Жаратқан Ийениң байрам
күнлеринде?
6 Олар апаттан қашып қутылса да,
Мысыр оларды бир жерге
жыйнайды,
Пайтахты Мемфис оларды
жерлейди.
Баҳалы гүмис затларыңды
жантақ шөплер басып,
Шатырларына шеңгел өсип
кетеди.
7 Жаза берилетуғын ўақыт
жетип келди,
Есап беретуғын ўақты келди.
Ҳәй, Израил, мынаны билип
қой,
Көп гүналарың себепли,
Душпаншылығыңның
шексизлиги соншелли,
Пайғамбар ақмақ, руўхтан
илҳамланған адамлар
телбе, деп саналды.
8 Қудайым пайғамбарды
Эфрайымға гүзетши
қылды,
Бирақ оның ҳәр бир адымына
дузақ қурдыңыз,

Душпанлық бар
Қудайымыздың Үйинде.
9 Гиба күнлериндеги сыяқлы[a],
олар азғырылыўға терең
батты.
Қудай жынаятларын еске
алады,
Гүналарына жараса жаза
береди.

10 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Мен Израилды тапқанда,
Шөлде жүзим тапқандай
болдым.
Ата-бабаларыңызды көргенде,
Дәслепки әнжир мийўесин
көргендей болдым.
Бирақ олар Баал-Пеорға
келгенде,
Сол жердеги жеркенишли
бутқа өзлерин бағышлады.
Олар өзлери жақсы көрген сол
бут сыяқлы
Жеркенишли болып қалды.
11 Эфрайымның салтанаты бир
қус сыяқлы ушып кетеди,
Оларда перзент те туўылмас,
ҳаяллары да ҳәмиледар
болмас,
Қурсағына бала да питпес.
12 Егер перзент өсирсе де,
Мен оларды биреўин де
қалдырмай тартып аламан.
Аўа, оларды таслап кеткенимде,
ҳәсирет шегеди!
13 Эфрайымды көргенимде,
Ол Тир қаласына уқсайтуғын
еди,
Гөззал жерде жайласқан еди.
Бирақ енди Эфрайым өз
балаларын,
Жәлладтың алдына алып
шығады».

14 Жаратқан Ийе, бул халқыңа не
бересең?
Ҳаялларды бала туўмайтуғын,
Балаларын емизе алмайтуғын
қылып бер.

15 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Олардың ҳәр бир жаўызлығы
Гилгалдан басланды,
Сол жерде жеркене басладым
олардан.
Ислеген жаўызлықлары ушын,
Оларды үйимнен қуўып
жиберемен.
Артық оларды жақсы
көрмеймен,
Олардың барлық басшылары
Маған қарсы бас көтерди.
16 Эфрайым қулады, тамырлары
кеўип қалды,
Артық мийўе бере алмайды.
Балалы болған жағдайда да,
Әлпешлеген зүрядын
өлтиремен».

17 Олар Қудайға қулақ
салмағанлықтан,
Қудайым олардан жүз бурады.
Халықлар арасында гезенде
болады.

**10** 1 Израил жайылып өскен
жүзим ағашына мегзейди,
Мол мийўесин берди,
Бирақ мийўеси көбейген
сайын,
Бутқа арнап көп қурбанлық
орын қурды.

---

[a] **9:9** Бий 19–21.

Ели гүллеп жаснаған сайын,
кийели тасларды безеди.
2 Кеўиллери екиге бөлинген бул
халық енди айыбы ушын
жазасын алады,
Жаратқан Ийе бутқа арналған
қурбанлық орынларын
қулатады,
Кийели тасларын сындырып
таслайды.

3 Соннан соң олар былай дейди:
«Бизлердиң патшамыз жоқ,
Өйткени Жаратқан Ийеден
қорқпадық.
Патшамыз болғаны менен,
Не келер еди оның қолынан?»
4 Олар айтып атыр мәниссиз
сөзлерди,
Жалған ант ишип, келисим
дүзип атыр.
Соның ушын, атыздың
қарықларындағы зәҳәрли
шөп сыяқлы,
Әдилсизлик көбейип
бармақта.
5 Самарияда жасайтуғынлар,
Бейт-Аўендеги қашар бутынан
қәўетер алар,
Халқы оның ушын жас төгер.
Буттың руўханийлери де дад
салар,
Себеби буттың салтанаты алып
тасланады.
6 Бут сый ретинде уллы патшаға,
Ассирияға алып кетиледи,
Эфрайым шерменде болады,
Израил өз жобасы себепли
уятқа қалады.
7 Суўдағы ығып кеткен таяқ
сыяқлы,
Самария патшасы жоқ болып
кетеди.
8 Израилдың гүнасына себеп
болған,
Аўендеги сыйыныў орынлары
жоқ қылынады.
Қурбанлық орынларды жантақ
ҳәм шеңгеллер басады.
Сонда адамлар таўларға:
«Бизлерди жерлең!»
Төбешиклерге: «Үстимизге
қулаң!» деп жалынады.

9 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Ҳәй, Израил, сен Гибада
болған күннен баслап гүна
иследиң,
Сол жерде өзгерместен қалдың.
Гибадағы жынаятшыларға
қарсы саўаш болмады ма?
10 Мен қәлеген ўақтымда жазаңды
беремен,
Саған қарсы халықларды
бирлестиремен.
Еки жынаятың ушын,
Душпанлар саған кисен салады.
11 Эфрайым түйек айдаўды жақсы
көретуғын,
Үйретилген қашарға уқсайды.
Бирақ мойынтырық тағаман,
Эфрайымның сулыў мойнына.
Эфрайымды ертлеймен,
Яҳудаға қос айдатаман,
Яқыпқа мала бастыраман.

12 Ҳәй, Израил, өзиңиз ушын
әдиллик егиң,
Сүйиспеншилик жемисин орып
алың.
Өзлериңиз ушын сүрилмеген
жериңизди сүриң,
Себеби Жаратқан Ийениң
алдына келетуғын
ўақтыңыз болды,
Ол келген ўақытта,

Үстиңизге әдалатлықты
жаўындай жаўдырсын.
13 Бирақ сизлер жаўызлық егип,
Әдилсизликти орып алдыңыз,
Жалғанның мийўесинен
жедиңиз,
Өйткени тутқан өз жолыңызға
сүйенип,
Батыр жаўынгерлериңизге
исендиңиз.
14 Соның ушын, халқыңыздың
басына саўаш апаты дөнип
тур,
Шалманның саўаш
күнинде Бейт-Арбелди
қулатқанындай,
Ҳаялларды балалары менен
бирге жерге урып
өлтиргениндей,
Қулайды сениң барлық
қорғанларың.
15 Ҳәй Бейт-Эл,
жаўызлықларыңның
көплиги ушын,
Усы күнлер басыңа түседи.
Таң атқанда, Израил патшасы
набыт болады».

### Қудайдың Израилға деген сүйиспеншилиги

11 1 Жаратқан Ийе былай
дейди:
«Балалығында Израилды
сүйдим,
Улымды Мысырдан шақырып
алдым.
2 Оларды қанша шақырсам,
Меннен сонша узақласты.
Қурбанлықлар берди
Бааллларға,
Түтеткилер түтетти бутларға.
3 Эфрайымға тәй-тәй турып,
жүриўди Мен үйреттим,
Оны қолларымда көтерип
жүрдим.
Бирақ ол билмеди Мениң шыпа
бергенимди.
4 Мен оны инсан жиби менен,
Сүйиспеншилик арқаны менен
жетеледим.
Мойнынан мойынтырықты
алып таслап,
Оны аўқатландырыў ушын,
еңкейдим.

5 Халқым тәўбе қылыўдан бас
тартқаны ушын,
Мысырға қайтып бармай ма?
Ассирия оларға ҳүкимдарлық
қылмай ма?
6 Қалаларында қылыш
жалаңлайды,
Дәрўазаларының тәмбилери
жоқ қылынады,
Қорғаны ишинде оларды
қылыш жалмайды.
7 Өз халқым Меннен жүз
бурыўға бейимлеседи,
Баалға дад салса да,
Ол оларды ҳасла жоқары
көтермес.

8 Ҳәй, Эфрайым, қалай сеннен ўаз
кешейин?
Ҳәй Израил, қалайынша сени
таслап кетейин?
Адма қаласын жоқ қылғанымдай,
сени жоқ қыла аламан ба?
Себойымға қылғанымды саған
қыла аламан ба?
Бундай қылыўға жүрегим
даўамас ҳасла!
Саған болған меҳрим артып
кетти.
9 Яқ, лаўлаған ғәзебимди
басыңызға жаўдырмайман,

Эфрайымды және набыт
қылмайман.
Өйткени Мен инсан емеспен,
Қудайман,
Араңызда болатуғын мухаддес
Қудайман,
Артық алдыңызға ғәзеп пенен
бармайман.
10 Арысландай ақырғанымда,
халқым Жаратқан Ийениң,
Мениң изимнен ереди,
Мен ақырғанымда балаларым
батыстан титиресип
келеди.
11 Олар Мысырдан қуслардай
болып,
Ассириядан кептерлердей
қалтырап келеди.
Мен оларды үйлерине
орналастыраман,
Буны Мен, Жаратқан Ийе
айтаман».

### Израилдың гүнасы

12 «Эфрайым әтирапымды жалған
менен,
Израил Мени ҳийле менен
орап таслады.
Ал Яҳуда Қудай менен бирге
болып,
Мухаддес Қудайға садық
қалды».

## 12

1 Эфрайым шөл самалын
күтип турады,
Күни бойы шығыс самалының
изинен қуўып жүреди.
Жалған ҳәм зорлықты
арттырады.
Ассирия менен келисим дүзип,
Зәйтүн майын Мысырға
жибереди.
2 Жаратқан Ийениң даўасы бар
Яҳудаға,
Яқыпты жүрген жолы бойынша
жазалайды,
Ислеген ислерин өзлерине
қайтарады.
3 Яқып анасының қарнында
туўысқанының табанын
услаған[a],
Үлкейгенде, Қудай менен
гүрескен[b].
4 Периште менен гүресип, оны
жеңди,
Ол жылап, мийрим-шәпәәт
сорады.
Қудайды Бейт-Элде тапты,
Сол жерде Қудай бизлер менен
сөйлести[c].
5 Жаратқан Ийе, Әлемниң
Қудайы,
Оның аты – Жаратқан Ийе.
6 Сонлықтан Қудайыңа қайт сен,
Сүйиспеншиликти ҳәм
әдилликти сақла,
Ҳәмме ўақытта Қудайыңды күт.
7 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Халқым тәрезиден жейтуғын
саўдагерге уқсайды,
Олар урлықты жақсы көреди.
8 Эфрайым: „Мен байман,
Өзиме мал-дәўлет арттырдым,
Барымды маңлай терим менен
таптым,
Ҳеш ким мени гүнакар деп
айыплай алмас“, – дейди.

---

a **12:3** Жар 25:26.
b **12:3** Жар 32:22-30.
c **12:4** Жар 28:10-22; 35:1-15.

9 Бирақ сени Мысырдан алып
шыққан,
Қудайың Жаратқан Ийе – Мен
боламан.
Шөлдеги күнлериңиздегидей,
Сени және шатырларға
орналастыраман.
10 Мен пайғамбарларға сөйледим,
Оларға көп аянлар бердим,
Олар арқалы тымсаллар
айттым».

11 Гиладта жаўызлық исленбеди
ме?
Сөзсиз оның халқы әҳмийетсиз
болып қалды.
Гилгалда буғалар қурбанлық
қылынбады ма?
Атызлар дөгерегиндеги
қурбанлық орынлар,
Тас үйиндилерине уқсап
қалады.
12 Яқып Арам елине қашып кетти[a],
Израил ол жерде ҳаялы ушын
қул болып,
Қалыңлық төлеў ушын қой
бақты[b].
13 Жаратқан Ийе пайғамбары
арқалы,
Израил халқын Мысырдан
алып шықты,
Пайғамбар арқалы оларды
қорғады.
14 Бирақ Эфрайым қатты
ғәзеплендирди Қудайды,
Эфрайымнан есабын талап
қылады төккен қаны ушын,
Оны мазақ қылғаны ушын
ылайықлы жазасын
қайтарады.

## Израилдың кейинги жазасы

13 1 Жаратқан Ийе былай
дейди:
«Бурын Эфрайым сөйлегенде,
ҳәмме титирейтуғын еди,
Израилда оның мәртебеси
уллы еди.
Бирақ Эфрайым Баалға
табынып, гүна арттырды,
Усылай етип, өзин өлимге
тапсырды.
2 Ҳәзир де халқым гүна үстине
гүна ислеп атыр,
Гүмислеринен қуйма бутлар,
Шеберлик пенен мүсинлер
соғып атыр.
Булардың ҳәммесин өнермент
қолдан ислер.
Бундай адамлар ҳаққында бир
сөз бар:
„Бутқа қурбанлық қылған –
тананы сүйген болады“.
3 Соның ушын, олар таңғы
думандай болады,
Бир майданда жоқ болатуғын
шыққа уқсайды.
Самал ушырған қырмандағы
қаўықтай жоқ болады,
Морыдан шыққан түтинге
уқсап қалады.

4 Бирақ Мысырдан сени алып
шыққан,
Қудайың Жаратқан Ийе – Мен
боламан.
Меннен басқа Қудайды
билмеўиң керек,
Меннен басқа жоқдур сениң
қутқарыўшың.

---

a **12:12** Жар 28:1-5.
b **12:12** Жар 29:1-20.

5 Мен сени шөлде,
Суўсыз қурғақшылықта
бақтым.
6 Отлы жайлаўда олар тойды,
Қарны тойғаннан кейин,
менмен болды.
Сол себепли сен Мени
умыттың.
7 Мен олардың жолын арыслан
сыяқлы аңлыйман,
Қаплан сыяқлы, буққыда
жатаман.
8 Балаларынан айырылған айыў
сыяқлы тасланаман,
Жүреклерин жаўып турған
көкиреклерин тилкимлеп
таслайман.
Сол жерде арыслан сыяқлы
оларды жалмайман,
Жыртқыш ҳайўан киби
майдалап таслайман.

9 Ҳәй, Израил, Мен сени
қуртаман,
Саған ким жәрдем бере алады?
10 Барлық қалаларыңды
қутқаратуғын патшаң
қәне?
„Бизлерге патша ҳәм басшы
бер“, – деп сораған
бийлериң қәне?
11 Мен ашыўланып, саған патша
бердим,
Ғәзепке мингенимде, оны алып
тасладым.
12 Эфрайымның жынаяты
жыйналып тур,
Оның гүнасы сақланып тур.
13 Толғақ тутқан ананың азабы
оған түседи,
Бирақ бала ақылсыз болып,
Ўақты болғанда да, қарыннан
шықпады.
14 Бул халықты өлилер
мәканының күшинен
қутқарар ма едим?
Оларға әмеңгерлик қылар ма
едим?
Ҳәй өлим, уўлы ийнеңди
шығар!
Ҳәй өлилер мәканы, апат
күшиңди көрсет!
Енди Мен реҳим қылмайман».

15 Эфрайым туўысқанлары
арасында көп өсип-өнсе де,
Жаратқан Ийе оның үстине
шығыс самалын,
Шөлден есетуғын самал
жибереди,
Оның булағы қурыйды,
Қудығының суўы тартылып
қалады.
Ғәзийнесиндеги баҳалы
затлары тоналады.

14 1 Самария өз Қудайына
қарсы бас көтерди,
Енди олар гүнасының жазасын
тартып, қылыштан өледи.
Душпанлар жерге урып
өлтиреди бөпелерин,
Жүкли ҳаялларының
қарынларын жарады.

### Ҳошеаның Израилға жалбарыныўы

2 Қудайың Жаратқан Ийеге қайт,
ҳәй Израил,
Өйткени гүнаң себепли
қуладың.
3 Тәўбе етип, Жаратқан Ийеге
қайт,
Оған айт: «Барлық
гүналарымызды кешир,
Дуўамызды қабыл ет.

Буғаларды қурбанлық
қылғандай, Саған алғыс-
мақтаў усынамыз.
4 Ассирия бизлерди қутқара
алмайды,
Минбеймиз саўаш атларына.
Енди қолдан соғылған
бутларды „қудайымыз“,
демеймиз.
Себеби жетим Сеннен реҳим
табады».

### Жаратқан Ийениң Израилға үмит бериўи

5 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Шыпа берип халқыма,
опасызлықтан қайтараман,
Сүйемен шын кеўилден
оларды.
Себеби оларға деген ғәзебим
қайтты.
6 Шық сыяқлы боламан Израилға,
Сонда Израил лала гүлдей
ашылады,
Лебанон кедри сыяқлы тамыр
жаяды.
7 Олардың шақалары жайылып,
Зәйтүн ағашындай көркем
болады.
Лебанондағы кедр ағашындай
хош ийис таратады.
8 Олардың саясында және
халықлар жасайды,
Олар мол бийдай жетистирип,
жүзимдей гүллейди.
Лебанон шарабындай белгили
болады.
9 Эфрайым былай десин: „Бутлар
маған керек емес!
Қудайдың даўысына қулақ
саламан,
Нәзеримди Оған қаратаман,
Мен жасыл сәрўи ағашындай
боламан“.
Мен сен алған мол зүрәәтиңниң
булағыман».

10 Ким дана болса, усы жазылған
сөзлерди түсинеди,
Ким ақыл-парасатлы болса,
булардың барлығын
аңлайды.
Жаратқан Ийениң жоллары
туўры,
Бул жолдан жүреди ҳақ адамлар,
Бирақ гүнакарлар бул
жолларда сүрнигип
жығылады.

# Иоел пайғамбардың китабы

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Иоел пайғамбар Яҳуда ҳәм Ерусалим турғынларына пайғамбаршылық қылып, оларды тәўбеге шақырады. Оның пайғамбаршылықлары анық ҳәм туўры болады. Иоел пайғамбардың қашан хызмет қылғаны белгисиз. Базы алымлардың шамалаўы бойынша, ол Бабилония Ерусалимди басып алыўынан алдын, яғный б. э. ш. 586-жылға дейин хызмет қылған.

Бул китапта Иоел пайғамбар Жаратқан Ийениң күни ҳаққында хабар береди. Сол дәўирде Яҳуда халқы Жаратқан Ийениң күнин интизарлық пенен күтетуғын еди. Олар сол күн келгенде Қудай барлық душпанларды жоқ қылады, яҳудийлер ушын абаданшылық дәўири басланады, деп ойлайтуғын еди. Бирақ пайғамбар буған келисим бермейди, негизинде Жаратқан Ийениң күни келгенде, Қудай биринши нәўбетте Өз халқын гүналары ушын жазалайтуғынын айтады. Соның ушын, пайғамбар халықты тәўбеге шақырады. Ол Яҳуда елине бастырып келетуғын үйин-үйин шегирткелер ҳәм елде болатуғын қорқынышлы қурғақшылық ҳаққында ескертеди. Ол Жаратқан Ийениң күнин тас түнек күн, булт қаплаған тас қараңғы күн, деп сүўретлейди.

Иоел пайғамбар халықты Қудайға қайтыўға шақырады. Қудайдың мийрими ҳәм рехимлилиги ҳаққында сөз баслайды. Ол халық жаза алып болғаннан кейин, Қудайдың оларға рехим ететуғынын, үстилерине Өз Руўхын мол қылып жаўдыратуғынын ҳәм душпанларын қатаң жазалайтуғынын айтып, пайғамбаршылық қылады.

# 1

[1] Петуел улы Иоелге Жаратқан Ийеден сөз түсти:

### Шегирткелердиң жерди қаплап алыўы

2 Ҳәй, ақсақаллар, тыңлаңлар,
Елде жасап атырған ҳәр бир адам, қулақ салыңлар,
Сизиң заманыңызда ямаса ата-бабаларыңыздың дәўиринде,
Жүз берген бе еди усындай апат?
3 Айтып бериң бул ҳаққында балаларыңызға,
Балаларыңыз баянлап берсин балаларына,
Олардың балалары жеткизсин кейинги әўладына.
4 Шекшеклерден қалғанын шегирткелер жеди,
Олардан аўысқанын қоңызлар жеди,
Қоңызлардан аўысқанын қуртлар жеди.

5 Ҳәй, мәскүнемлер ояның ҳәм жылаң!
Ҳәй, шарап ишиўшилер, шарабыңыз ушын дад салың!
Өйткени таза шарабыңыз аўзыңыздан тартып алынды.
6 Бастырып келди жериме күшли ҳәм сансыз бир халық,
Тислери арыслан тислерине уқсар,
Арысландикиндей гүрек тислери де бар.
7 Ўайран қылды жүзим ағашларымды,
Жалаңашлап таслады әнжир ағашларымды,
Шақаларының қабықларын сылып таслады,
Ҳәммеси аппақ талдай болып қалды.

8 Күйеўинен айырылып, аза кийим кийген,
Жас келиншектей дад салың.
9 Жаратқан Ийениң Үйинде тоқтады ғәлле ҳәм ишимлик садақасы,
Жаратқан Ийениң хызметиндеги руўханийлер аза тутып атыр.
10 Егислик майданлар босап қалды, дад салмақта далалар,
Өйткени жоқ етилди бийдайлар,
Таўысылды жаңа шарап, зәйтүн майы да ақпай, тоқтап қалды.
11 Бийдай ҳәм арпа ушын қайғырың, ҳәй, дийханлар!
Дад салың, ҳәй, бағманлар,
Себеби атызыңыздың өнимлери жоқ болды.
12 Жүзим шақалары қуўрады, әнжир ағашлары солыды,
Анар, пальма, алма ағашлары,
Барлық мийўе ағашлары қуўрады.
Адамзаттың қуўанышы жоқ болды.

### Тәўбеге шақырылыў

13 Руўханийлер, аза кийим кийип, жас төгиң,
Қурбанлық орындағы хызметтегилер, дад салың,
Ҳәй, Қудайымның хызметинде жүргенлер,
Ибадатханаға келип, түнди аза кийим менен өткериң.

Өйткени Қудайыңыздың
Үйинде,
Ғәлле ҳәм ишимлик садақасы
қалмады.
14 Ораза ушын күн белгилең,
Салтанатлы жыйналыс
жәриялаң.
Ақсақалларды ҳәм бул жерде
жасайтуғынлардың
ҳәммесин,
Қудайыңыз Жаратқан Ийениң
Үйине жыйнаң,
Жаратқан Ийеге ҳәммеңиз
жалбарының!

15 Сол күн, яғный Жаратқан
Ийениң күни жақындур,
Қүдирети күшли Қудайдың
жиберетуғын апаты
сыяқлы келеди сол күн.
16 Азық-аўқатымыз жоқ етилди
көз алдымызда,
Қудайымыздың Үйинде
қуўаныш ҳәм шадлық
тамам болған жоқ па?
17 Туқымлар ширип кетти
кесеклер астында,
Ғәлле өнимлери қуўрап
қалғанлығы себепли,
Ғәллеханалар босап, телеклер
бузылды.
18 Ыңырсып атыр маллар!
Гезип жүрипти падалар,
Өйткени қуўрап қалған
жайлаўдағы отлар,
Қой сүриўлери де қыйналып
қалған.
19 Жаратқан Ийе, Саған
жалбарынаман.
Өйткени жалын жалмады
жайлаўларды,
От өртеди даладағы барлық
ағашларды.
20 Ҳәттеки, жабайы ҳайўанлар да
Саған жалбарынып атыр,
Себеби сай ҳәм булақлар қурып
қалды,
От жалмады даладағы
жайлаўларды.

## Шегирткелер ҳәм душпанлар

2 1 Сионда кәрнай шертиңлер!
Мухаддес таўымда дабыл
урыңлар!
Қорқыўдан титиресин бул
жерде жасайтуғынлар,
Өйткени киятыр Жаратқан
Ийениң күни,
Ол жүдә жақын.
2 Бул күн қараңғы, тас түнек,
Бултлы ҳәм қап-қараңғы болар.
Таўлардың үстинен жайылған
таң нуры яңлы,
Сансыз ҳәм күшли бир ләшкер
ордасы киятыр.
Әўеллери бундай ҳеш жүз
бермеген,
Әўладлар бойы да ҳеш қашан
болмас.
3 Олардың алдында жалмайтуғын
от,
Артында лаўлаған жалын
жанар.
Алдындағы Эден бағы сыяқлы
жерлер,
Олар өткеннен кейин, изсиз
шөлге айланар.
Ҳеш нәрсе қашып қутыла алмас
олардан.

4 Олардың көриниси атларға
уқсайды,
Саўаш атларындай дүсирлеседи.
5 Таў төбесине шығып атырған,
Саўаш арбасының даўысындай
дүсирлейди,

Сабанды жандырып атырған
жалындай тысырлайды,
Саўашқа сап тартып, жүрис
қылған,
Күшли ләшкер ордасының
шаўқымына уқсайды.
6 Олардың алдында қорқынышқа
түседи халықлар,
Ҳәммениң жүзи солып, ағарып
кетеди.
7 Баҳадырлардай ҳүжим қылады
олар,
Батыр әскерлер сыяқлы
дийўалларға өрмелеп
минеди.
Олар сап тартыўы менен алға
басып,
Ҳеш бири өз жолынан шетке
шықпайды.
8 Бир-бирин ийтерип, түртпестен,
Ҳәммеси сапты бузбай қәдем
басады.
Жаўдың қураллы бөгетлерин
жарып өткенде де,
Оларды ҳеш нәрсе тоқтата
алмас.
9 Олар қалаға бастырып кирип,
Дийўаллардан өрмелеп өтеди,
Үйлерге тырмасып минип,
Урыдай терезеден киреди.

10 Олардың алдында жер
силкинеди,
Аспан қалтырап турады.
Қуяш ҳәм ай қарайып кетеди,
Жулдызлардың нуры сөнеди.
11 Даўысы гүркиреп, Жаратқан
Ийе ордасын баслап
барады,
Сансыз Оның ләшкерлери,
Оның буйрығына
бойсынатуғынлар
қүдиретли.
Жаратқан Ийениң сол күни
уллы ҳәм қорқынышлы!
Сол күнге ким шыдай алар
екен?!

### Тәўбеге шақырылыў

12 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Ҳәзир ораза тутып, жылап ҳәм
көз жас төгип,
Пүткил жүрегиңиз бенен
Маған қайтың.
13 Кийимиңизди емес,
жүреклериңизди
жыртың».

Қудайыңыз Жаратқан Ийеге
қайтың.
Себеби Жаратқан Ийе
мийримли, реҳимли,
Сабыр-тақатлы ҳәм
сүйиспеншилиги уллы.
Жазалаўдан ўаз кешетуғын
Қудай.
14 Ким биледи, Ол райынан
қайтып, реҳим қылыўы
мүмкин?
Кейин берекет береди.
Сонда Қудайыңыз Жаратқан
Ийеге,
Ғәлле ҳәм ишимлик
садақаларыңызды
усынарсыз.

15 Сионда кәрнай шертиң,
Ораза ушын күн белгилең,
Сол күни салтанатлы
жыйналыс жәриялаң.
16 Жыйнаң халықты,
Пәклең жәмийетти,
Қартайғанларды бир жерге
шақырың,
Балаларды, ҳәттеки емизиўли
бөпелерди алып келиң.

Және де, күйеў өз бөлмесинен
шықсын,
Келиншек шымылдықтан
шығып келсин.
17 Руўханийлер, Жаратқан
Ийениң хызметкерлери,
Жыласын Ибадатхананың
айўаны менен қурбанлық
орын арасында,
Жалбарынсын олар былай
деп:
«Жаратқан Ийе, Өз халқыңа
реҳим қыл,
Мүлкиң әпсанаға айланып,
масқара болмасын басқа
миллетлер арасында,
Халықлар: „Олардың Қудайы
қаяқта?“ – деп мазақ
қылмасын».

## Жаратқан Ийениң жуўабы

18 Сонда Жаратқан Ийе жаны
ашып,
Реҳим қылды Өз халқына.
19 Былай деп жуўап берди Ол
халқына:
«Мине, сизлерге беремен ғәлле,
жаңа шарап ҳәм зәйтүн
майын,
Булардан тойып ишип-жейсиз.
Енди жол қоймайман
миллетлер арасында мазақ
болыўыңызға.
20 Арқадан келген қәўипти
сизлерден узақластыраман,
Қуўраған ҳәм изсиз шөлге
оларды айдап жиберемен.
Алдындағыларды шығыстағы
теңизге,
Кейиндегилерди батыстағы
теңизге ылақтыраман.
Сасық ийис шығады
өликлеринен».
Шынында да, Жаратқан Ийе
уллы ис қылды.

21 Қорқпа, жер жүзи, қуўанып
шадлан!
Жаратқан Ийе уллы ислерди
иследи.
22 Қорқпаң, жабайы ҳайўанлар!
Себеби жасылға дөнеди
жайлаўлар.
Мийўелерин берер мийўе
ағашлар,
Әнжир ҳәм жүзимлердиң
мийўелери мол болады.
23 Ҳәй, Сион халқы, шадланың,
Қудайыңыз Жаратқан Ийеде
қуўаның.
Тикленип алыўыңыз ушын,
Ол сизлерге гүзги жаўын
жаўдырды,
Өз ўақтында жаўдырды гүз ҳәм
бәҳәр жаўынларын.
24 Енди қырманларда таза дәнлер
мол болып,
Шарапқа ҳәм зәйтүн майына
ыдыслар толып тасады.

## Жаратқан Ийе Өз халқын қутқарады

25 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Сол жыллары сизлерге
жиберген,
Шегиртке үйирлериниң
жегенлериниң,
Қыйратқанларының,
жалмағанларының,
Яғный, Мен жиберген ләшкер
ордасының,
Келтирген зыяныныӊ орнын
толтыраман.
26 Енди қәлегениңизше жеп тоясыз,
Сизлер ушын әжайып ислерди
көрсеткен,

Қудайыңыз Жаратқан Ийе
болған Маған алғыс
айтасыз.
Халқым, сизлер енди ҳасла
шерменде болмайсыз.
27 Ҳәй, Израил, Мениң араңызда
екенимди,
Мениң Қудайыңыз Жаратқан
Ийе екенимди,
Меннен басқа қудай жоқ
екенин билип аласыз.
Халқым, сизлер енди ҳасла
шерменде болмайсыз.
28 Соннан кейин, барлық
адамлардың үстине,
Өз Руўхымды жаўдыраман.
Ул ҳәм қызларыңыз
пайғамбаршылық қылады,
Қартайған адамларыңыз түслер,
Жасларыңыз аянлар көреди.
29 Өз Руўхымды жаўдыраман сол
күнлерде,
Ҳәттеки қул ҳәм шорылардың
үстине.
30 Аспанда ҳәм жер жүзинде белги
көрсетемен,
Қан, от ҳәм түтин минарасы
пайда болады.
31 Жаратқан Ийениң уллы
ҳәм қорқынышлы күни
келмесинен алдын,
Қуяш қараңғыланып, ай қанға
айланады.
32 Сонда Мениң, Жаратқан Ийениң
атын айтып шақырған ҳәр
бир адам қутқарылады.
Жаратқан Ийе, яғный Мен ўәде
бергенимдей,
Сион таўындағы ҳәм
Ерусалимдеги қашып
қутылғанлар,
Аман қалғанлар Жаратқан
Ийениң, яғный Мениң
таңлап алғанларым
болады».

### Жаратқан Ийе халықларды ҳүким қылады

3 1 «Мине, сол күнлерде, Мен
Яҳуда ҳәм Ерусалимди,
Қайтадан абаданшылыққа
еристиргенимде,
2 Барлық миллетлерди жыйнап,
Еҳошафат[a] ойпатлығына алып
бараман.
Мүлким болған Израил халқын,
Миллетлер арасына тарқатып,
жеримди бөлисип алғаны
ушын,
Сол жерде оларды ҳүким
қыламан.
3 Олар қул сайлаў ушын шек
таслады халқым ушын,
Өзлери бузықшылық қылыў
ушын, ер балаларды
сатты,
Ишкен шарабы ушын
қызларды төлем орнына
берди.
4 Ҳәй, Тир, Сидон ҳәм барлық
филист үлкелери,
Сизлерге Меннен не керек?
Меннен өш алыўды
қәлейсизлер ме?
Егер Меннен өш алмақшы
болсаңыз,
Сол ўақыттың өзинде өз
қылмысыңызды,
Қайтарып өз басыңызға
саламан.
5 Сизлер тонап алдыңыз гүмис
ҳәм алтынымды,

---

[a] **3:2** *Еҳошафат* – «Жаратқан Ийе ҳүким қылады» дегенди билдиреди.

Алып кеттиңиз өз
ибадатханаларыңызға
қымбат баҳалы
затларымды.
6 Яҳуда ҳәм Ерусалим халқын
греклерге сатып,
Оларды өз ўатанынан
узақластырдыңыз.
7 Көресизлер, Яҳуда ҳәм
Ерусалим халқын,
Алып шығаман сизлер сатқан
жерлерден.
Қылмысыңызды өз басыңызға
саламан.
8 Енди ул ҳәм қызларыңызды
Яҳуда халқына
тапсыраман,
Оларды узақ бир журтқа –
шебалыларға сатады.
Буларды Жаратқан Ийе болған
Мен айттым.

9 Миллетлер арасында былай деп
жәриялаң:
„Саўашқа таярланып,
батырларыңызды
шақырың,
Барлық әскерлериңиз атланып,
ҳүжимге шықсын!
10 Пазнаңыздан қылышлар,
Орағыңыздан найзалар соғың.
Жаўынгермен, – десин
ҳәлсизлер.
11 Ҳәй, дөгеректеги барлық
миллетлер, асығың,
Ҳәммеңиз жылдам келиң“».

Жаратқан Ийеден Өз
батырларын сол жерге
әкелиўин сораң.

12 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Миллетлер аяққа турсын,
Еҳошафат ойпатлығына
топлансын.
Себеби дөгеректеги барлық
миллетлерди,
Ҳүким етиў ушын сол жерде
боламан.
13 Қәне, орақ салыңлар, егинлер
писти,
Келиңлер, жүзим искенжелери
толып кетти,
Басып жүзимлерди сығыңлар.
Өйткени олардың
жаўызлықлары толып
кетти».

14 Ҳүким ойпатлығына,
Сансыз аламан жыйналды,
Ҳүким ойпатлығына,
Жақынласты Жаратқан
Ийениң күни.
15 Қуяш ҳәм ай қараңғыласқан,
Жулдызлардың нуры сөнип
қалған.
16 Жаратқан Ийе Сионда турып
бақырады,
Ерусалимнен гүркиреген даўыс
шығарады.
Аспан ҳәм жер шайқалады.
Бирақ Жаратқан Ийе Өз
халқын панасына алады,
Израил халқының қорғаны
болады.

### Қудай Өз халқын жарылқайды

17 Жаратқан Ийе және былай
дейди:
«Сол ўақытта сизлер билетуғын
боласыз,
Мухаддес таўым болған
Сионды мәкан еткен,
Қудайыңыз Жаратқан Ийе –
Мен екенимди.

Ерусалим мухаддес қала,
Басқа халықлар оны енди ҳасла
басып алмайды.

18 Сол күни мазалы жүзим шарабы
ағар таўлардан,
Сүт ағып турар төбешиклерден,
Яҳудадағы ҳәмме суўсыз
өзеклер суўға толады,
Жаратқан Ийениң Үйинен бир
булақ шығады,
Шиттим ойпатлығын суўғарады.

19 Бирақ Мысыр ўайран болады,
Эдом изсиз шөлге айланады,
Себеби олар яҳудалылардың
жерине ҳүжим қылып,
Айыпсыз адамлардың қанын
төкти.
20 Ал Яҳуда адамның мәңги
мәканлайтуғын жери
болады,
Ерусалим әўладтан-әўладқа
турады.
21 Төгилген қанлар ушын жаза
бермеген едим,
Енди олардың қанының өшин
аламан.
Жаратқан Ийеңиз болған Мен
Сионды мәканлайман».

# Амос пайғамбардың китабы

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Амос пайғамбар Яҳуда елинен болып, ол жерде шарўашылық пенен шуғылланатуғын еди. Қудай оны Израил елине жибереди ҳәм ол жердеги халыққа пайғамбаршылық қылыўды буйырады. Амос Яҳудада өзи жасап атырған Теқоадан шығып, Израилдағы Бейт-Эл қаласына барады. Сол дәўирлерде Бейт-Эл Израилдағы бутпаразлықтың ең күшли орайы болған.

Бул китаптың басында Амос пайғамбар Израилдың әтирапындағы халықлар ҳаққында пайғамбаршылық қылады. Кейин Израил халқының, әсиресе, бай адамлардың ашшы тәғдирин жәриялайды. Өйткени олар кәмбағал ўатанласларын талап, қул қылатуғын еди. Сол дәўирде Израил халқының көпшилиги Қудайдың жолынан шығып, бутларға сыйына баслаған еди. Соған қарамастан, олар Қудайдан қутқарылыў күтетуғын еди. Амос болса халықты ескертип, Қудайдың оларды жазалайтуғынын айтады.

Китап үмит беретуғын сөзлер менен тамамланады. Қудай Өз халқын жазалап болғаннан соң, оларды тутқыннан өз жерине қайтарып алып келеди ҳәм халықты қайтадан тиклейди.

---

**1** [1] Теқоалы шарўашылардың бири
болған Амостың сөзлери. Яҳуда патшасы Уззия, Израил патшасы Еҳоаш улы Яробам ҳүкимдарлық қылған ўақытларда, жер силкиниўден еки жыл алдын, Амос Израил ҳаққында аянлар көрди.

[2] Амос былай деди:

«Жаратқан Ийе Сионнан
даўыслап бақырады,
Ерусалимнен гүркиреген даўыс
шығарады.
Шопанлардың жайлаўлары
қайғыға батады,
Кармел таўының
жоқарысындағы шөплер
қуўрап қалады».

### Израилға қоңсылас халықлардың жазаланыўы

***Арам***

[3] Жаратқан Ийе былай дейди:
«Дамаск жынаят үстине
жынаят иследи,

Мен жазасыз қалдырмайман
олларды,
Олар темир тисли мала менен
Гиладты езди.
4 Соның ушын, Хазаелдиң үйине
от жаўдыраман,
От жандырып жоқ етеди
Бен-Ҳададтың қорған
қалаларын.
5 Дамаск дәрўазаларының
тәмбилерин сындыраман,
Аўен ойпатлығында тахтта
отырғанды жоқ қыламан,
Бейт-Эденде патшалық ҳасасын
услағанды өлтиремен,
Кир журтына сүргин болады
арам халқы».
Булар Жаратқан Ийениң
сөзлери.

### *Филист*

6 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Газа жынаят үстине жынаят
иследи,
Мен жазасыз қалдырмайман
оларды.
Олар пүткил жәмийетти
сүргинге алып кетип,
Эдомлыларға сатып жиберди.
7 Соның ушын, Газа
дийўалларына от
жаўдыраман,
От жандырып жоқ етеди оның
қорған қалаларын.
8 Ашдод қаласында тахтта
отырғанды жоқ қыламан,
Ашкелонда патшалық ҳасасын
услағанды өлтиремен.
Экронға қарсы қолымды
көтеремен,
Филистлердиң аман
қалғанлары жоқ болады».
Булар Қудай Ийениң сөзлери.

### *Тир*

9 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Тир жынаят үстине жынаят
иследи,
Мен жазасыз қалдырмайман
оларды.
Олар дослық келисимин умытып,
Пүткил жәмийетти тутқынға
алып,
Эдомлыларға сатып жиберди.
10 Соның ушын, Тир қаласының
дийўалларына от
жаўдыраман,
От жандырып жоқ етеди оның
қорған қалаларын».

### *Эдом*

11 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Эдом жынаят үстине жынаят
иследи,
Мен жазасыз қалдырмайман
оларды.
Олар қылыш пенен қуўды
туўысқанларын,
Реҳим қылмай, қәҳәрин шексиз
шашты,
Ғәзебинен ҳеш қайтпады.
12 Соның ушын, Теманға от
жаўдыраман,
От жандырып, жоқ етеди
Босраның қорғанларын».

### *Аммон*

13 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Аммон жынаят үстине жынаят
иследи,
Мен жазасыз қалдырмайман
оларды.
Олар жер шегарасын кеңейтиў
ушын Гиладқа ҳүжим
қылып,
Ол жердеги жүкли ҳаяллардың
қарнын жарды.

14 Соның ушын, Рабба қаласының
дийўалларына от қояман,
От жандырып, жоқ қылады
оның қорған қалаларын.
Саўаш күниндеги
қышқырықлар астында,
Даўыллы күнниң дүбелейи
ишинде қалады.
15 Аммон патшасы хызметшилери
менен бирге сүргин
етиледи».
Булар Жаратқан Ийениң
сөзлери.

# 2 *Моаб*

1 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Моаб жынаят үстине жынаят
иследи,
Мен жазасыз қалдырмайман
оларды.
Олар Эдом патшасының
сүйеклерин,
Ҳәк күйдиргендей етип жағып
жиберди.
2 Соның ушын, Моабқа от
жаўдыраман,
От жандырып, жоқ етеди
Керийот қорған қаласын.
Шаўқым, саўаш дабыллары ҳәм
кәрнай сеслери астында,
Моаб халқы қырылып кетеди.
3 Оның ҳүкимдарын жоқ
қыламан,
Ҳәмелдары менен бирге
барлық хызметшилерин
өлтиремен».
Булар Жаратқан Ийениң
сөзлери.

## Яҳуданың жазаланыўы

4 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Яҳуда жынаят үстине жынаят
исleди,
Жазасыз қалдырмайман
оларды.
Жаратқан Ийениң, Мениң
нызамларымнан олар бас
тартты,
Қағыйдаларымды орынламады.
Ата-бабалары сыяқлы жалған
қудайларға ерип,
Туўры жолдан азғырылды.
5 Соның ушын, Яҳудаға от
жаўдыраман,
От жандырып жоқ етеди
Ерусалим қорған қаласын».

## Израилдың жазаланыўы

6 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Израил жынаят үстине
жынаят исleди,
Жазасыз қалдырмайман
оларды.
Айыпсыз адамды пулға сатты,
Кәмбағалды бир жуп аяқ
кийимге алмастырды.
7 Олар жарлының басын
топыраққа былғап, аяқ
асты қылды,
Бийшараға жол бермей, шетке
шығарып таслады,
Әкеси менен баласы бир қыз
бенен жатып,
Мениң муқаддес атыма тил
тийгизди.
8 Ҳәр бир қурбанлық орынның
қасында,
Гиреўге алған кийимлерди
жайып, үстинде жатады.
Жәрийма қылып төлеткен
шарапты,
Өзлериниң Қудайының Үйинде
ишеди.
9 Өз халқым ушын Мен амор
халқын жоқ қылдым.
Олар кедр ағашындай узын,

Емен ағашындай беккем болса
да,
Шақаларындағы миййўелерин,
Жердеги тамырларын қурттым.
10 Сизлерди Мысыр жеринен Мен
алып шықтым,
Амор халқының жерлерин
ийелесин деп,
Шөлде қырық жыл жетеледим.
11 Улларыңыздан пайғамбарлар,
Жас жигитлериңизден Маған
бағышланған нәзирлер
тайынладым.
Солай емес пе, Израил халқы?
– дейди Жаратқан Ийе. –
12 Сизлер нәзирлерге шарап
иштирдиңиз,
„Пайғамбаршылық қылмаң!“ –
деп,
Пайғамбарларға буйрық
бердиңиз.

13 Аўыр жүк тийелген арба жерди
езгениндей етип,
Мен сизлерди еземен.
14 Сонда шаққанлар қашып қутыла
алмайды,
Күшлилердиң күш-қуўаты
қалмайды,
Жаўынгерлер өз жанын
қутқара алмайды.
15 Садақшы өз орнында тура
алмайды,
Тез жуўыратуғынлар қаша
алмайды,
Атлы өз жанын қутқара
алмайды.
16 Сол күни ең дәў жүрек жаўынгер
де,
Өз қурал-жарақларын таслап
қашады».
Булар Жаратқан Ийениң
сөзлери.

3 1 Хәй, Израил халқы,
Жаратқан Ийениң сөзлери-
не қулақ салың.
Ол сизлерге, Мысырдан Өзи
алып шыққан барлық
урыўыңызға қарсы былай
дейди:
2 «Жер жүзиндеги барлық
халықлар арасынан,
Тек ғана сизлерди таңлап
алдым,
Сонлықтан сизлерди хәмме
жынаятларыңыз ушын
жазалайман».

### Пайғамбардың ўазыйпасы

3 Өз ара келисип алмай турып,
еки адам бирге жолға шыға
ма?
4 Олжасы болмаса, тоғайда
арыслан ақыра ма?
Услаған хеш нәрсеси болмаса,
жыртқыш арыслан ининен
даўыс шығара ма?
5 Жердеги дузаққа жем
қойылмаса,
Дузаққа қус түсе ме?
Дузаққа хеш нәрсе түспесе,
Дузақтың жиби тартыла ма?
6 Қалада қәўипли жағдай себепли
кәрнай шалынса,
Халықты қорқыныш баспай
ма?
Жаратқан Ийе жибермесе,
Қалаға апат келе ме?
7 Шынында, қулы
пайғамбарларға Өз
жобасын ашпай турып,
Қудай Ийе хеш нәрсе
қылмайды.
8 Арыслан ақырғанда, ким
қорқпайды?
Қудай Ийе сөйлегенде,

Ким пайғамбаршылық
қылмайды?

### Самарияның ҳүким етилиўи

9 Ашдод сарайларында жәриялаң,
Мысыр сарайларында да
былай деп жәриялаң:
«Самария таўларында
жыйналың,
Қаланың ишиндеги уллы
тәртипсизликлерди,
Ондағы езиўшиликлерди
көриң.
10 Олар әдалатлықты қалай
ислеўди билмейди,
– дейди Жаратқан Ийе, –
Қорған қалаларында зулымлық
ҳәм зорлық жыйнайды».

11 Соның ушын, Қудай Ийе былай
дейди:
«Душпан қоршап алмақта
жериңди,
Күш-қуўаттан айырып сени,
Қорған қалаларыңды талан-
тараж қылады».
12 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Бир шопан арысланның
аўзынан қойдың еки
туяғын,
Ямаса қулағының бир бөлегин
алып қалғанындай,
Самарияда жасап атырған
израиллылар да,
Төсегиниң бир шети ҳәм жуқа
көрпеси менен ғана аман
қалады.
13 Қулақ салың ҳәм Яқыптың
урпақларын ескертиң!»
Қудай Ийе, Әлемниң Қудайы
былай дейди:
14 «Жынаятлары себепли Мен
Израилды жазалаған күни,
Бейт-Элдиң қурбанлық
орынларын жоқ қыламан,
Кесилип жерге түседи
қурбанлық орынның
шақлары.
15 Қысқы ҳәм жазғы сарайларды
бузып таслайман,
Пил сүйеги менен безелген
сарайлар ўайран қылынады,
Көп үйлер жоқ болады», –
дейди Жаратқан Ийе.

4 1 Ҳәй, Самария таўындағы
семиз сыйырлардай болған
ҳаяллар,
Қулақ салың мына сөзлерге:
Кәмбағалларды езесиз,
Жарлыларға жәбир бересиз,
Күйеўлериңизге: «Ишимлик
алып келиң, ишемиз», –
дейсиз.
2 Қудай Ийе Өз мухаддеслиги
ҳақы ант ишип, былай
дейди:
«Мине, сизлерди шанышқы
менен илдирип,
Қалғанларыңызды балықтай
қармақ пенен сүйреп
кететуғын күнлер келеди.
3 Ҳәр бириңиз бузылған дийўал
жарықларынан алып
өтилип,
Ҳармонға ылақтырыласыз», –
дейди Жаратқан Ийе.

### Израил халқының Қудайға қайтып келмеўи

4 «Бейт-Элге барып, гүна ислей
бериң,
Гилгалға кетип, гүнаңызды
көбейтиң!
Азанда қурбанлықларыңызды
усының,

Ҳәр үш күннен оннан
биріңизди алып келиң.
5 Ашытқы салынған шөректи
миннетдаршылық
садақасы етип жандырың,
Ықтыярлы садақаларыңызды
ҳәммеге жәрия қылың.
Себеби усындай қылыўды
хош көресиз, ҳәй Израил
халқы», – дейди Қудай
Ийе.

6 «Соның ушын, барлық
қалаларыңызға ашлық
жибердим,
Жасап атырған ҳәр бир
жериңизде нанға зар
қылдым,
Сонда да, сизлер Маған қайтып
келмедиңиз», – дейди
Жаратқан Ийе.

7 «Жыйын-теримге үш ай
қалғанда,
Мен сизлерге жаўын
жаўдырмай қойдым.
Бир қалаға жаўын жаўдырдым,
Екиншисине жаўдырмадым.
Бир атызға жаўын жаўды,
Басқасы жаўын
жаўмағанлықтан қуўрап
қалды.
8 Еки-үш қаланың халқы суў
ишиў ушын,
Басқа бир қалаға сүйретилип
барса да,
Олардың шөли қанбады.
Сонда да, сизлер Маған қайтып
келмедиңиз», – дейди
Жаратқан Ийе.

9 «Қайта-қайтаегисликлериңизди
қуўратып, оларға кеселлик
жиберип жазаладым,
Шегирткелер бағларыңызды,
жүзимзарларыңызды,
Және де, әнжир ҳәм
зәйтүнлериңизди жеди.
Сонда да, сизлер Маған қайтып
келмедиңиз», – дейди
Жаратқан Ийе.

10 «Мысырда ислегеним сыяқлы,[a]
Араңызға иллет жибердим,
Жигитлериңизди қылыш
жүзинен өткердим,
Атларыңызды
душпанларыңызға бердим,
Ордаңыздағы өлилердиң
ийисине мурныңызды
толтырдым.
Сонда да, сизлер Маған қайтып
келмедиңиз», – дейди
Жаратқан Ийе.

11 «Қудайыңыз болған Мен
Содом ҳәм Гомораны
қыйратқанымдай,[b]
Сизлердиң айырымларыңызды
қыйраттым,
Сизлер от ишинен шығарып
алынған шала жанған
ағаштай болдыңыз.
Сонда да, сизлер Маған қайтып
келмедиңиз», – дейди
Жаратқан Ийе.

12 «Сонлықтан Израил, сени
жазалайман,
Шынында, саған Мен усыны
ислеймен,

---

a **4:10** Шығ 12:29-30.
b **4:11** Жар 18:16–19:28.

Қудайыңның ҳүкимине
таярлан, ҳәй Израил!»

13 Өйткени таўларды
қәлиплестирип, самалды
жаратқан,
Ой-пикирлерин адамзатқа
ашып берген,
Таң нурын қараңғылыққа
айландырған Ол,
Дүньяның ең бийик жерлерин
басып жүр,
Оның аты Жаратқан Ийе,
Әлемниң Қудайыдур.

## Израил халқы ушын айтылған толғаў

5 1 Израил халқы, сизлер ҳақ-
қында айтатуғын,
Жоқлаў жырыма қулақ салың:
2 «Қыз Израил жығылды,
Енди қайтып тура алмайды,
Ол жалғыз аўнап жатыр өз
жеринде,
Оны турғызатуғын ҳеш ким
жоқ».
3 Қудай Ийе былай дейди:
«Қаладан Израил халқының
мың жаўынгери шықса,
Жүз жаўынгери ғана аман
қалады,
Қаладан жүз жаўынгери шықса,
Он жаўынгери ғана аман
қалады».

## Тәўбеге шақырыў

4 Соның ушын, Жаратқан Ийе
Израил халқына былай
дейди:
«Маған қайтың, сонда
жасайсыз,
5 Бейт-Элге бармаңлар, Гилгалға
аяқ баспаңлар,
Беер-Шебаға өтип кетпеңлер,
Себеби Гилгал халқы сөзсиз
сүргин етиледи,
Бейт-Эл ҳеш нәрсе болмай
қалады».

6 Жаратқан Ийени излең, сонда
жасайсыз,
Болмаса, Ол Юсуптиң халқына[a]
қарсы оттай лаўлайды,
Бейт-Элди жағып жоқ қылады.
Жалынды өширетуғын ҳеш
ким болмайды.

7 Ҳәй, әдалатты ашшы жуўсанға
айландырғанлар,
Ҳақлықты жерге урғанлар!
8 Үркер ҳәм Орион жулдыз
топарларын жаратқанның,
Түпсиз қараңғылықты таң
нурына айландырып,
Күндизди түндей қараңғы
қылғанның,
Теңиз суўларын шақырып,
Жер жүзине қуйғанның аты
Жаратқан Ийедур.
9 Ол күшлилерди жылдырымдай
жығады,
Қорған қаланы жер менен
жексен қылады.

10 Сизлер қала дәрўазасындағы
жыйында әдалатлы
қазылардан жеркенесиз,
Ҳақыйқатты сөйлегенлерди
жаман көресиз.
11 Кәмбағалды езесиз,
Оған аўыр салық салып,
бийдайын тартып аласыз,

---

a **5:6** *Юсуптиң халқы* – арқа патшалық Израил нәзерде тутылған.

Тастан жонып үй салсаңыз да,
онда жасай алмайсыз.
Гөззал жүзимзар отырғызсаңыз
да, оның шарабын
ишпейсиз.
12 Жынаятларыңыз сөзсиз көп,
Гүналарыңыз сансыз екенин
билемен.
Ҳақ адамды жәбирлеп, пара
аласыз,
Қала дәрўазасындағы ҳүким
жыйналысы ўақтында,
Бийшараның ҳақын жейсиз!
13 Соның ушын, сондай заманда,
Ақыллы адам үнсизлик
сақлайды,
Себеби бул жаман замандур.

14 Жаманлыққа емес, жақсылыққа
умтылың,
Сонда сизлер жасайсыз,
Солай етип, өзлериңиз
айтқандай,
Жаратқан Ийе, Әлемниң
Қудайы сизлер менен
бирге болады.
15 Жаманлықты жек көриң,
Жақсылықты сүйиң,
Қала дәрўазасындағы ҳүким
жыйналысында әдалатты
тиклең.
Мүмкин, Жаратқан Ийе,
Әлемниң Қудайы,
Юсуптиң халқынан аман
қалғанларына реҳим қылар.

16 Сонлықтан, Жаратқан Ийе,
Әлемниң Қудайы, Ийе былай
дейди:
«Барлық майданларда халық
зар жыласады,
Барлық көшелерде олар ўай-
ўай салысады,
Дийханларды аза тутыў ушын,
Жоқлаў айтатуғынларды
жылаў ушын шақырады.
17 Барлық жүзимзарларда зар
жылаў еситиледи,
Өйткени Мен араңыздан
өтемен».
Булар Жаратқан Ийениң
сөзлери.

## Жаратқан Ийениң күни

18 Жаратқан Ийениң күнин аңсап
күтип атырғанлар, ҳәсирет
шегесиз!
Жаратқан Ийениң ҳүким күнин
күтиўдиң не кереги бар?
Ол күн жақтылық емес,
қараңғылық болады.
19 Сол күни бир адам арысланнан
қашса,
Алдынан айыў шыққандай
болар,
Оннан да қашып, үйине аман
қайтса,
Қолы менен дийўалға сүйенип
турғанда,
Оны жылан шағып алғандай
болар.
20 Жаратқан Ийениң күни
қараңғылық емес,
жақтылық бола ма?
Ол қойыў қараңғылық, онда
жақтылық жоқ.

21 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Байрамларыңызды жек
көремен,
Олардан жеркенемен,
Хош көрмеймен мухаддес
жыйналысларыңызды.
22 Жандырылатуғын
қурбанлық ҳәм ғәлле
садақаларыңызды,

Маған усынсаңыз да, оларды
қабыл етпеймен.
Семиртилген малларыңыздан
татыўлық қурбанлықларын
берсеңиз де,
Мен оларға нәзеримди де
салмайман.
23 Узақластырың Меннен
шаўқымлы
қосықларыңызды,
Тыңламайман арфа менен
шерткен сазларыңызды.
24 Оның орнына әдалат ағын суў
сыяқлы,
Ҳақыйқатлық мәңги ағатуғын
дәрьядай ағып турсын.

25 Ҳәй, Израил халқы, шөлде
қырық жыл даўамында,
Усынған қурбанлықлар ҳәм
ғәлле садақаларыңыз
Маған ба еди?
26 Патша деп атаған Саккут
бутын,
Жулдыз қудайы деп атаған
Кайўан мүсинин,
Өзлериңиз ушын ислеп алған
усы мүсинлерди алып
жүресиз.
27 Дамасктиң арғы жағына
сизлерди және сүргин
қыламан».
Булар Жаратқан Ийениң
сөзлери,
Оның аты – Жаратқан Ийе,
Әлемниң Қудайы.

## Израилдың жазаланыўы

6 1 Ҳәсирет шегесизлер, Сионда
бийғам жасап атырғанлар,
Самария таўында өзлерин
аманлық ишиндемиз, деп
есаплағанлар!
Миллетлердиң абырайлы
адамлары болып
саналатуғынлар,
Израил халқы сизлерге арқа
сүйеп келеди.
2 Калне қаласына барың ҳәм
көриң,
Ол жерден уллы Хаматқа өтиң,
Кейин филистлердиң Гат
қаласына қарай түсиң.
Сизлердиң еки
патшалығыңыздың,
Олардикинен артықмашлығы
бар ма?
Олардың жерлери
сизлердикинен үлкен бе
еди?
3 Апат күнин узақ санап,
Жаўызлықты жақынластырып
атырғанлар,
4 Пил сүйегинен соғылған кәтте
жатқанлар,
Төсеклеринде созылып
жамбаслағанлар,
Сүриўлердиң ишинен
қозыларды,
Жайлаўдағы семиз таналарды
жегенлер!
5 Өзлериңизше Даўытқа уқсап
қосықлар шығарып,
Арфа сазы астында қосықлар
айтқанлар!
6 Үлкен кеселер менен шарап
ишип,
Майдың ең жақсысын үстине
сүрткенлер,
Юсуптиң халқының қулаўына
немқурайды қарағанлар!
7 Сизлер биринши болып
сүргинге әкетилесиз,
Жамбаслап өткизетуғын
зыяпатларыңыз
таўысылады.

8 Қудай Ийе Өзи ҳақы ант ишеди,
Жаратқан Ийе, Әлемниң
Қудайы былай дейди:
«Яқыптың менменлигинен
жеркенемен,
Оның қорған қалаларын жек
көремен.
Қаланы ҳәм ишиндегилердиң
ҳәммесин,
Душпанға тәслим қыламан».

9 Егер бир үйде он адам қалса, олар
да өледи. 10 Марҳумның жақын аға-
йини жерлеў ушын өлини алыўға
келгенде, үйдиң ишиндеги адамнан:
«Қасында және биреў бар ма?» – деп
сорайды. Ол: «Ҳеш ким жоқ», – деп
жуўап береди. Кейин ағайини: «Ты-
ныш, Жаратқан Ийениң атын тилге
алмайық!» – дейди.

11 Мине, Жаратқан Ийе буйрық
берип атыр,
Үлкен үйлер бузып тасланады,
Кишкене үйлер жер менен
жексен болады.

12 Атлар жартас үстинде шаба ала
ма?
Ким өгизди жегип, теңизди
сүре алады?
Бирақ сизлер әдалатты зәҳәрге,
Ҳақлық мийўесин ашшы
жуўсанға айландырдыңыз.
13 Ло-Дебар қаласын қолға
киргиздик, деп қуўанғанлар:
«Қарнайым қаласын өз
күшимиз бенен басып
алдық», – дейсиз.
14 Бирақ Жаратқан Ийе, Әлемниң
Қудайы былай дейди:
«Мине, соның ушын, ҳәй
Израил халқы,
Сизлерге қарсы бир халықты
жиберемен,
Олар Лебо-Хаматтан Араба
сайына дейин сизлерди
езеди».

### Жаза ҳаққында аян

7 1 Қудай Ийе маған мынаны көр-
сетти: патшаға тийисли от-шөп
жыйнап алынғаннан соң, жаңадан
шөплер шыға баслағанда, Жаратқан
Ийе шегиртке үйирин пайда қылды.
2 Шегирткелер елдеги барлық жа-
сыл шөплерди жеп таўысқанда, мен:
– Қудай Ийе, өтинемен кешир!
Яқып буннан қалай аман қала-
ды? Ол жүдә ҳәлсиз халық! – де-
дим. 3 Жаратқан Ийе Өз ырайынан
қайтты.
– Булай болмайды, – деди Ол.
4 Қудай Ийе және маған мынаны
көрсетти: Қудай Ийе от жаўдырды,
от терең суўларды жалмап тасла-
ды ҳәм жерди жандыра баслады.
5 Сонда мен:
– Қудай Ийе, өтинемен, тоқтат!
Яқып буннан қалай аман қала-
ды? Ол жүдә ҳәлсиз халық! – де-
дим. 6 Жаратқан Ийе Өз ырайынан
қайтты.
– Булай болмайды, – деди Қудай
Ийе.
7 Басқа аянда маған мынаны көр-
сетти: Ийе бир өлшеў жибин услап,
өрилген тик дийўалдың қасында
турды. 8 Жаратқан Ийе:
– Не көрип турсаң, Амос? – деп
сорады. Мен:
– Бир өлшеў жибин, – дедим. Ийе
былай деди:
– Мине, халқым Израилдың орта-
сына да бир өлшеў жибин қояман.
Енди артық оларды кеширмеймен.

9 Ысақ әўладының сыйынатуғын
орынлары жоқ болады,
Израилдың мухаддес
орынлары қыйратылады,
Қылыш жалаңашлайман
Яробам нәсилине қарсы.

## Амос ҳәм Амасия

10 Бейт-Элдеги руўханий Амасия
Израил патшасы Яробамға хабар
жиберип, былай деди: «Амос Изра-
ил халқының арасында саған қарсы
тил бириктирип атыр. Жер оның
сөзлерин көтере алмайды. 11 Себе-
би Амос былай деп атыр:

„Яробам қылыш пенен
өлтириледи,
Израил өз жеринен алысқа,
Сөзсиз сүргин етип
әкетиледи“».

12 Соннан кейин, Амасия Амосқа:
– Ҳәй, ўәлий, бул жерден кетип,
Яҳудаға қаш. Наныңды сол жерден
таўып, сол жерде пайғамбаршылық
ет. 13 Енди артық Бейт-Элде пай-
ғамбаршылық қылма. Өйткени бул
жер патшаның мухаддес жери, пат-
шалықтың ибадатханасы, – деди.
14 Амос оған былай деп жуўап бер-
ди:
– Мен пайғамбар да емеспен,
пайғамбардың шәкирти де емес-
пен. Мен мал бағып, жабайы ән-
жир ағашларын өсиремен. 15 Сүриў
бағып жүргенимде, Жаратқан Ийе
мени шақырып: «Бар, халқым Изра-
илға пайғамбаршылық қыл», – деди.
16 Енди Жаратқан Ийениң сөзлери-
не қулақ сал. Сен: «Израилға қар-
сы пайғамбаршылық қылма, Ысақ
әўладына қарсы сөйлеме!» – дейсең.
17 Соның ушын, Жаратқан Ийе бы-
лай дейди:

«Ҳаялың қалада жезөкше
болады,
Ул ҳәм қызларың қылыш
жүзинен өткизиледи.
Жериң өлшенип, басқаларға
бөлистирип бериледи,
Ал өзиң ҳарам саналған бир
журтта өлесең.
Израил халқы өз жеринен
алысқа,
Сөзсиз сүргин етип әкетиледи».

## Бир себет мийўе

8 1 Қудай Ийе маған мынаны көр-
сетти: мине, бир себет пискен
мийўе тур. 2 Ол меннен:
– Нени көрип турсаң, Амос? – деп
сорады.
– Бир себет пискен мийўени, – деп
жуўап бердим.
Соннан кейин, Жаратқан Ийе:
– Халқым Израилдың ақыры кел-
ди. Енди оларды артық кеширмей-
мен. 3 Сол күни ибадатханадағы
қосықлар қайғылы жоқлаўға айла-
нады. Ҳәмме жер өлилерге толады,
үнсизлик сақлансын, – деди. Буны
Қудай Ийе айтты.

4 Қулақ салың, жарлыны
езиўшилер,
Елдеги кәмбағалларды жоқ
еткенлер!

5 Сизлер былай дейсиз:
«Жаңа ай байрамы өтиўден
дәнимизди сатамыз,
Шаббат күни өтиўден
бийдайымызды базарға
шығарамыз.

Өлшем ыдысын киширейтип,
өлшем тасын үлкейтемиз,
Тәрезиден урып, алыўшыларды
алдаймыз.
6 Жарлыларды гүмиске,
Кәмбағалларды бир жуп аяқ
кийимге сатып аламыз,
Дәнниң орнына қаўық
сатамыз».

7 Яқыптың менменлигине қарсы
Жаратқан Ийе ант ишип,
былай дейди:
«Олардың қылмысларын ҳеш
қашан умытпайман.
8 Соның ушын, жер титирейди,
Онда жасайтуғынлардың
ҳәммеси қайғыға батады.
Пүткил жер жүзи Нил
дәрьясындай тасып,
көтериледи,
Мысырдағы Нил дәрьясы
сыяқлы қайтадан
төменлейди».

9 Қудай Ийе былай дейди:
«Сол күни, түсте қуяшты
батыраман,
Күпә-күндиз жер жүзин
қараңғылық пенен
қаплайман.
10 Байрамларыңызды қайғыға,
Барлық қосықларыңызды
жоқлаўға айландыраман.
Ҳәр бириңизге аза кийим
кийдиремен,
Басыңыздағы шашларыңызды
алдыртаман.
Сол күни жалғыз улдан
айырылғандай жоқлаў
айтылып,
Шынында, ақыры ашшы
қайғылы күн болады».

11 Қудай Ийе былай дейди:
«Мынадай күнлер келеди,
Жер жүзине ашлық жиберемен.
Нан ҳәм суў қыткершилигинен
емес,
Жаратқан Ийениң,
Мениң сөзлеримди
еситпегенликтен, аш
қалады.
12 Жаратқан Ийениң, Мениң
сөзлеримди излеп,
Адамлар теңизден теңизге өтип,
Арқадан шығысқа барады.
Ол жақтан бул жаққа барып,
сарсаң болады,
Бирақ оны таба алмайды.
13 Сол күни гөззал қызлар ҳәм жас
жигитлер,
Шөллеп ҳалдан таяды.
14 Самарияның Ашима деген буты
ҳақы ант ишип:
„Ҳәй, Дан, сениң қудайыңның
тирилиги ҳақы,
Беер-Шебаға алып баратуғын
зыярат жолы ҳақы“, –
дейтуғынлар,
Жерге қулап, қайтып тура
алмайды».

### Израилдың ҳүким етилиўи

9 1 Мен Ийени көрдим, Ол қур-
банлық орынның қасында ту-
рып, былай деди:

«Тиреп турған сүтинлердиң
төбесине урың,
Босағалары ләрзеге келсин.
Олар адамлардың үстине
қуласын,
Аман қалғанларын қылыш
жүзинен өткеремен,
Олардан ҳеш бири қашып кете
алмайды,

Биреўи де аман қалмайды.
2 Ҳәттеки, олар өлилер мәканына
кирсе де,
Қолымды созып, шығарып
аламан.
Көклерге шығып алса да,
Ол жерден тартып түсиремен.
3 Кармел таўының жоқарысына
жасырынып алса да,
Олардың изине түсип, таўып
аламан.
Меннен жасырыныў ушын
теңиз түбине түссе де,
Теңиз жыланына буйырып,
оларды шақтыраман.
4 Душпанлар оларды сүргин
қылып алып кетсе де,
Қылышқа буйрық берип,
ҳәммесин қырып
таслатаман.
Жақсылық ушын емес, ал
жаманлық ушын,
Оларға Өз нәзеримди
таслайман».

5 Ийе, Әлемниң Жаратқан Ийеси,
Жерге қол тийгизгенде, жер
ерип кетеди,
Онда жасайтуғынлардың
ҳәммеси қайғыға батады.
Пүткил жер жүзи Нил
дәрьясындай тасып,
көтериледи,
Мысырдағы Нил дәрьясы
сыяқлы қайтадан
төменлейди.
6 Ол сарайының жоқарғы
бөлмесин көкке қурды,
Оның тийкарын жер жүзине
орнатты.
Ол теңиз суўларын жыйнап,
жер жүзине төгеди,
Оның аты Жаратқан Ийе.

7 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Ҳәй, Израил халқы,
Мениң ушын
хабашстанлылардан қандай
айырмашылығыңыз бар?
Израил халқын Мысырдан,
Филист халқын Кафтордан,
Арамлыларды Кирден алып
шыққан Мен емеспен бе?

8 Мине, Қудай Ийениң, Мениң
көзлерим,
Гүнакар патшалықтың
үстинде.
Оны жер жүзинен сыпырып
таслайман,
Бирақ оларды, Яқыптың
урпақларын пүткиллей
жоқ қылмайман», – дейди
Жаратқан Ийе.

9 «Мине, Мен буйрық беремен,
Барлық миллетлер арасындағы
Израил халқын,
Дәнди електен өткергендей
етип, електен өткеремен,
Жақсы дәнниң биреўи де жерге
түспейди.
10 Халқымның арасындағы
барлық гүнакарлар,
„Апаттан узақтамыз, апатқа
дуўшар болмаймыз“, –
дегенлер,
Қылыш жүзинен өткериледи».

## Жаратқан Ийениң Израилға берген ўәдеси

11 «Сол күни Даўыттың қулаған
патшалығын қайтадан
тиклеймен,
Дийўалларының жарық
жерлерин сыбап,
Бузылған жерлерин оңлайман.

Оны бурынғы қәлпине
келтиремен.
12 Солай етип, Израил халқы
эдомлылардың аман
қалғанларына,
Маған тийисли болған барлық
миллетлерге ийелик етеди».
Бул сөзлерди усылардың
ҳәммесин иске асырыўшы
Жаратқан Ийе айтпақта.

13 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Мине, мынадай күнлер келеди,
Дийхан зүрәәтти жыйнап,
терип үлгерместен,
Келеси жер айдайтуғын ўақыт
келеди,
Шарап таярлап үлгерместен,
Жүзимниң мийўеси және
писеди.
Таўлардан мазалы шарап
тамады,
Барлық төбешиклерден жерге
ағып түседи.
14 Сүргин болған халқым
Израилды қайтарып алып
келемен,
Олар ўайран болған қалаларын
қайта тиклеп, сол жерде
жасайды,
Жүзимзарлар егип, шарабын
ишеди,
Бағлар отырғызып,
мийўелеринен жейди.
15 Мен оларды өз жерине егемен,
Мен берген жерден,
Оларды ҳеш ким суўырып
тасламайды».
Буны Құдайыңыз Жаратқан
Ийе айтпақта.

# Обадия пайғамбардың китабы

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Китаптың авторы Обадия пайғамбар Эдом ели ҳаққында пайғамбаршылық қылады. Эдом халқы Қудайдың таңлаған халқына үзликсиз душпанлық қылып келгени ушын, Обадия Эдом елиниң пүткиллей ўайран болатуғынын жәриялайды. Бул китап Мухаддес Китаптың ишиндеги ең қысқасы болыўына қарамастан, Қудайдың қатаң ҳүкиминен хабар береди.

Бабилониялылар б. э. ш. 605-586-жыллары даўамында Ерусалимге бир неше мәрте ҳүжим қылып, қаланы басып алады. Олар Яҳуда халқын Бабилонияға сүргин етип алып кетеди. Обадия пайғамбар бул китапты сол аўыр дәўирде, биринши сүргин жылларында жазады. Өли теңиздиң қубласындағы таўлы аймақта жасаған эдом халқы Ерусалимниң қулағанына қуўанады. Яҳуда халқының басына түскен бул апаттан олар тек шадланып ғана қоймастан, қаланы тонайды, басқыншыларға жәрдем береди. Қудай эдом халқын усы қылмысы ушын жазалайды, олар менен бир қатар басқа халықларды да ҳүким қылады.

Обадия бул хабарды Яҳуда халқының келешектеги жеңислери менен тамамлап, тутқыннан қайтып келетуғын Қудайдың халқы Эдом елиниң үстинен ҳүкимдарлық қылатуғынын айтады.

---

### Эдомның жазаланыўы

**1** [1] Бул Обадияның көрген аяны.
Қудай Ийе Эдом ҳаққында
бул сөзлерди айтты.

Жаратқан Ийеден бир хабар
еситтик.
Миллетлерге жолланған
жаршы:
«Келиңлер, Эдомға урыс
ашайық!» – деди.

2 «Ҳәй, Эдом, сени миллетлер
арасында арзымас қыламан,
Сен оғада жек көринишли
боласаң.
3 Жартастың жарықларында жасап,
Төбелердиң бийик шоққыларына
жайластың,
Жүрегиңдеги тәкаббирлик сени
алдады.
Өзиңше: „Ким мени жерге
түсире алады?“ – дедиң.

4 Бүркиттей жоқарыласаң да,
Уяң жулдызлар арасында болса
да,
Ол жерден төменге түсиремен
сени,
– деди Жаратқан Ийе. –
5 Уры ҳәм қарақшылар түнде келсе,
Тек ғана өзлерине керегин
алмай ма?
Жүзим теретуғынлар бағыңа
кирсе,
Азғантай болса да, жүзим
қалдырмай ма?
Бирақ сен толық набыт боласаң.
6 Эсаўдың әўлады – Эдом,
Сениң ҳәмме нәрсең талан-
тараж қылынатуғыны
соншелли,
Ҳәттеки, жасырын
ғәзийнелериң де табылып,
тартып алынады.
7 Барлық аўқамласларың саған
қарсы шығып,
Сени өз жериңнен қуўып
шығарады.
Келисим дүзгенлериң сени
алдап, жеңилиске
ушыратады,
Нанынды жегенлер саған дузақ
қурады,
Ал сен буны билмей қаласаң.
8 Сол күни,
– дейди Жаратқан Ийе, –
Эдомның дана адамларын,
Эсаўдың таўлы жериндеги
ақыллы адамларды жоқ
қыламан.
9 Ҳәй, Теман, сениң
жаўынгерлериң
қорқынышқа түседи,
Эсаўдың таўлы жериндеги ҳәр
бир адам жоқ қылынады.
10 Туўысқаныңа, яғный Яқыпқа,
Ислеген жаўызлықларың ушын
шерменде болып,
Мәңгиге жоқ боласаң.
11 Оның мал-мүлкин жат
жерлилер алып кеткен күни,
Сен узақтан қарап турдың.
Жат халықлар Ерусалим
дәрўазаларына кирип,
Ол ушын шек таслағанда,
Сен де олар сыяқлы ис туттың.
12 Туўысқаныңның басына түскен
бахытсызлығы ушын,
Қол қаўсырып, қарап турмаўың
керек еди.
Яҳуда халқы қырғынға
ушырағанда, қуўанбаўың
керек еди,
Апат күнлеринде, мақтанбаўың
керек еди.
13 Халқым апатқа ушыраған
күни, қала дәрўазаларына
кирмеўиң керек еди.
Сол күни халқым ушыраған
бахытсызлыққа
қуўанбаўың керек еди.
Олар азапқа дуўшар болғанда,
мал-мүлкин олжа
қылмаўың керек еди.
14 Қашып баратырғанларды
өлтириў ушын,
Жол кесилиспелерин тоспаўың
керек еди.
Сол апат күнинде аман
қалғанларды,
Душпан қолына тапсырмаўың
керек еди».

## Қудайдың басқа халықларды ҳүким қылыўы

15 «Мениң, Жаратқан Ийениң
барлық халықларды
ҳүким қылатуғын күним
жақынласты,

Ҳәй, Эдом, сен не ислеген болсаң,
саған да сол исленеди,
Ислеген қылмысларың өз
басыңа түседи.
16 Сизлер мухаддес таўымда ғәзеп
шарабын ишип алғаныңыз
сыяқлы,
Барлық халықлар да сол
шараптан симиреди.
Ишип-ишип бул дүньядан жоқ
болып кетеди».

### Израилдың жеңиси

17 «Сион таўы аман қалғанларға
пана болады,
Ол жер мухаддес болады.
Яқыптың урпақлары тартып
алынған мүлкине қайтадан
ийелик қылады,
18 Яқыптың урпақлары от,
Юсуптиң халқы жалын,
Эсаўдың халқы сабан болып
қалады.
Оларды өртеп, жоқ қылады,
Эсаўдың әўладынан аман
қалғаны болмайды».
Булар Жаратқан Ийениң
сөзлери.

19 Негебте жасайтуғын Яҳуда хал-
қы Эсаўдың таўлы жерин ийелей-
ди. Ал батыстағы таў етеклеринде
жасайтуғынлар Филист, Эфрайым
ҳәм Самария жерлерин ийелейди.
Беняминлилер Гиладты ийелеп
алады. 20 Сүргин етилген израил-
лы жаўынгерлер Сарафатқа дейин
созылған Қанан жерлерин ийелей-
ди. Ерусалимнен сүргин қылынып
Сефарадта жасап атырғанлар Не-
гебтеги қалаларды ийелеп алады.
21 Жеңимпазлар Эсаўдың таўлы
жерине ҳүкимдарлық қылыў ушын,
Сион таўына шығады. Бул патша-
лық Жаратқан Ийеге тийисли бо-
лады.

# Юнус пайғамбардың китабы

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Юнус китабы басқа пайғамбаршылық китаплардан өзгеше болып, Юнустың айтқан ўазы тек ғана бир гәптен ибарат. Бул китапта Юнус қырылып жоқ болыўға ҳүким етилген Ниневия халқын ескертиў ушын барыўдан бас тартып, Жаратқан Ийеге бойсынбайтуғыны сөз етиледи. Юнус, ҳәттеки, қаланың қыйралыўын қәлеген еди, өйткени Ниневия Израилдың душпаны Ассирия мәмлекетиниң пайтахты еди. Бирақ Жаратқан Ийе Юнусты туўры жолға салады. Соннан кейин, Юнус Ниневияға барып, Қудайдың буйрығын орынлайды.

Көп адамлар Юнус китабын оқығанда, үлкен балықтың Юнусты жутып жибергенине ғана итибар береди. Деген менен, бул китапта Жаратқан Ийениң ҳәммеге мийрим-шәпәәт көрсетиўди қәлейтуғыны туўралы айтылады.

Юнус пайғамбар 4 Патшалар 14:25-аятта айтып өтиледи, демек ол б. э. ш. VIII әсирлердиң орталарында жасаған.

---

### Юнустың Жаратқан Ийеден қашыўы

1 [1] Жаратқан Ийеден Амиттай
улы Юнусқа мынадай сөз түсти:
[2] – Қәнекей, уллы Ниневия қаласына бар да, халқына ўаз айт. Себеби олардың жаўызлықлары Маған жетип келди.
[3] Бирақ Юнус Жаратқан Ийеден
Таршишке қашпақшы болды. Ол Яфо[a] қаласына келип, Таршишке баратуғын бир кемени тапты. Жол ҳақысын төлеп, кемеге отырды да, Жаратқан Ийениң нәзеринен қашыў ушын, Таршишке қарай жолға шықты.
[4] Сонда Жаратқан Ийе теңизге
күшли самал жиберди. Теңизде қәҳәрли даўыл көтерилип, кеме шыл-пәрше болып сынып кетейин
деп қалды. [5] Кемешилерди қорқы-
ныш бийлеп, ҳәр бири өз қудайына даўыслап жалбарына баслады ҳәм кемени жеңиллетиў ушын жүклерди теңизге таслады. Юнус болса,

---

a **1:3** *Яфо* – Жер Орта теңизиндеги Ерусалимге тийисли порт қала.

кемениң төменги қабатына түсип
жатып, терең уйқыға кеткен еди.
6 Кеме басшысы Юнустың жа-
нына барып:
– Ҳәй! Сен қалай уйықлап атыр-
саң? Тур, өз қудайыңа жалбарын.
Мүмкин, ол бизлерди есине алар
ҳәм бизлер аман қалармыз, – деди.
7 Соңынан кемешилер бир-би-
рине:
– Келиңлер, шек таслайық ҳәм бул
апат басымызға ким себепли түске-
нин билейик, – деди. Олар шек тас-
лады ҳәм шек Юнусқа түсти.
8 Олар Юнустан:
– Бизлерге айт, бул апат бизлердиң
басымызға сен себепли түскен жоқ
па? Кәсип-кәриң не, қаяқтан киятыр-
саң? Өзиң қай жерлисең ҳәм қайсы
миллетке тийислисең? – деп сорады.
9 Юнус:
– Мен еврейимен, теңизди ҳәм жер-
ди жаратқан аспанның Қудайы
Жаратқан Ийеге сыйынаман, – деп
жуўап берди.
10 Кемешилерди қатты қорқыныш
бийлеп, олар Юнустан:
– Неге булай иследиң? – деп со-
рады. Олар Юнустың Жаратқан
Ийеден қашып киятырғанын би-
летуғын еди. Өйткени Юнус олар-
ға буны айтып берген еди.
11 Теңиз қутырыўын кем-кемнен
күшейте берди. Олар Юнустан:
– Теңиздиң тынышланыўы ушын
бизлер саған не ислеўимиз керек? –
деп сорады.
12 Ол:
– Мени көтерип, теңизге ылақты-
рың, сонда ол тынышланады. Себе-
би бул күшли даўылға мен себепли
дуўшар болғаныңызды билемен, –
деп жуўап берди.
13 Кемешилер қурғақлыққа жетиў
ушын бар күшлерин салып ескек
ессе де, бирақ жете алмады. Өйтке-
ни теңиз оларға қарсы қутырыўын
кем-кемнен күшейте берди. 14 Сон-
да олар Жаратқан Ийеге даўыслап
былай деди:
«О, Жаратқан Ийе! Саған жал-
барынамыз, усы адамның жаны
себепли бизлер набыт болмайық.
Егер ол айыпсыз болса, оның қаны
ушын бизлерди жуўапкер қылма.
Себеби Сен, Жаратқан Ийе, Өзиңе
мақул болған исти иследиң».
15 Соңынан олар Юнусты теңиз-
ге ылақтырып жиберди. Сонда қу-
тырып турған теңиз тынышланды.
16 Бул ўақыя себепли кемешилер
Жаратқан Ийеден қатты қорқып
қалды ҳәм Оған арнап қурбанлық
шалып, ўәделер берди.

## 2

1 Сол ўақытта Жаратқан Ийе
Юнусты жутыўы ушын үлкен
бир балықты жиберди. Юнус үш күн,
үш түн усы балықтың ишинде болды.
2 Юнус балықтың ишинде өзи-
ниң Қудайы Жаратқан Ийеге бы-
лай деп дуўа етти:

### Юнустың дуўасы

3 «Аўыр жағдайға түскенимде,
Сени шақырдым Жаратқан Ийе!
Жуўап бердиң Сен маған.
Өлилер мәканының
түпкиринен,
Жәрдем сорап бақырдым,
Еситтиң Сен даўысымды
мениң.
4 Тереңликке, теңиз түбине
ылақтырдың мени,
Қоршады суў ағыслары
әтирапымды.

Пүткил суўларың да, қутырған
толқынларың да,
Басып өтти үстимнен мениң.
5 Сонда мен былай дедим:
„Қуўылғанман Сениң алдыңнан,
Бирақ көремен және мухаддес
Ибадатхананды“.

6 Суўлар мени туншықтырды,
Қоршап алды түпсизлик те,
Басыма шырмалды теңиз
шөплери.
7 Түстим таўлар түбине,
Қамалдым қапылары мәңгиге
илинген жерге.
Бирақ Сен, Қудайым, Жаратқан
Ийе,
Шуқырдан қутқардың
жанымды мениң.
8 Жаным алқымыма тақалғанда,
Еске алдым Жаратқан Ийени,
Мениң дуўам Саған,
Жетип барды мухаддес
Ибадатханаңа.

9 Жарамсыз бутларға
табыныўшылар,
Опасызлық еткен болар.
10 Бирақ алғыс-мақтаў айтып
мен,
Саған қурбанлық шаламан.
Өзимниң берген ўәдемди
орынлайман,
Қутқарылыў келеди Жаратқан
Ийеден!»

11 Жаратқан Ийе балыққа буйрық берди ҳәм ол Юнусты құрғақлыққа қусып шығарып жиберди.

## Юнустың Ниневияға барыўы

3 1 Жаратқан Ийеден Юнусқа
екинши мәрте мынадай сөз түс-
ти: 2 Қәнекей, уллы Ниневия қаласы-
на бар да, саған айтатуғынларымды
халыққа жәрияла.
3 Юнус Жаратқан Ийениң сөзине
бойсынып, Ниневияға кетти. Ни-
невия сондай үлкен қала болып,
оны басып өтиў ушын үш күнлик
жол жүриў керек еди. 4 Солай етип,
Юнус қалаға кирип, бир күнлик
жолды басып өткеннен соң: «Қы-
рық күннен кейин Ниневия қыйра-
тылады», – деп жар салды. 5 Сонда
Ниневия халқы Қудайға исенди
ҳәм олар ораза тутыўды жәрия-
лап, уллысынан кишисине дейин
аза кийимин кийди.
6 Бул хабар Ниневия патшасына
жетип барғанда, ол тахтынан түсип,
үстиндеги патшалық кийимлерин
шешти ҳәм аза кийимин кийип,
күлге отырды[a]. 7 Соңынан ол Нине-
вияда өзиниң ҳәм ақсүйеклериниң
атынан мына буйрықты жәрия-
латты: «Ҳеш бир адам да, ҳайўан
да, ири мал да, майда мал да ҳеш
нәрсе жемесин, жайлаўға барма-
сын ҳәм суў ишпесин. 8 Адамлар да,
ҳайўанлар да аза кийиминде бол-
сын. Ҳәр бир адам Қудайға бар кү-
ши менен жалбарынып, өзлериниң
жаман жолларынан ҳәм жаўызлық
ислеўден ўаз кешсин. 9 Ким биле-
ди, мүмкин, сонда Қудай пикирин
өзгертер, лаўлаған ғәзебинен қай-
тар ҳәм бизлер набыт болмаспыз».

---

a **3:6** *Күлге отырды* – бул терең қайғыны ямаса тәўбеге келиўди билдиретуғын ис-ҳәрекет.

10 Сонда Қудай ниневиялылар-
дың қылған ислерин ҳәм олардың
жаман жолдан қайтқанын көрди.
Сонлықтан оларға жаны ашып, жи-
беремен деген апатты жибермеди.

## Юнустың Қудайдың рeҳимине ашыўланыўы

4 1 Сонда Юнус буған қатты рен-
жип, ашыўланды. 2 Ол Жаратқан
Ийеге былай деп дуўа етти:
– О, Жаратқан Ийе! Усындай бола-
туғынын өз елимде болған ўақтым-
да-ақ айтпаған ба едим? Сонлықтан
да мен Таршишке қашқан едим. Се-
беби Сениң мийримли, реҳимли,
сабыр-тақатлы, сүйиспеншилиги
уллы ҳәм жазалаўдан ўаз кешету-
ғын Қудай екениңди билетуғын
едим. 3 Енди өтинемен, Жаратқан
Ийе, мениң жанымды ал. Себеби
тири жүргенимнен гөре, өлгеним
жақсырақ.
4 Жаратқан Ийе оған:
– Сениң ашыўланыўға ҳақың бар
ма? – деди.
5 Юнус қаладан шығып, оның
шығыс тәрепиндеги бир жерге ба-
рып отырды. Ол өзине шертек со-
ғып алып, оның саясында отырды
ҳәм қалаға не болатуғынын көриў
ушын күте баслады. 6 Сонда Қудай
Ийе Юнустың басына саясын тү-
сирип, қайғысын жеңиллетсин
деп, бир өсимлик өсирип шығар-
ды. Юнус бул өсимликке қатты
қуўанды. 7 Бирақ келеси күни таң
атқанда, Қудай бир құртты жи-
берди ҳәм ол өсимликти кемирип,
қуўратып таслады. 8 Қуяш шық-
қанда, Қудай шығыстың қапырық
самалын естирди. Қуяш Юнустың
басын қатты қыздырғанлықтан,
ол ҳәлсизлене баслады ҳәм өзине
өлим тилеп: «Тири жүргенимнен
гөре, өлгеним жақсырақ», – деди.
9 Бирақ Қудай оған:
– Өсимлик ушын ашыўланыўға
ҳақың бар ма? – деди.
Юнус:
– Әлбетте, ҳәттеки, өлгенше ашыў-
ланыўға ҳақым бар, – деди.
10 Сонда Жаратқан Ийе оған бы-
лай деди:
– Бул өсимлик бир түнде шығып,
бир түнде жоқ болды. Сен мийнет
етип, бул өсимликти өсирмеген
болсаң да, оған жаның ашып атыр.
11 Ал Ниневияда болса, ақ пенен қа-
раны айыра алмайтуғын бир жүз
жигирма мыңнан аслам адам ҳәм
көп санлы ҳайўанлар бар. Усы ул-
лы қала ушын Мениң жаным қа-
лай ашымасын?

# Миха пайғамбардың китабы

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Миха пайғамбар Яҳуда елиндеги кишкене бир аўылда туўылған. Ол Ийшая пайғамбардың заманласы болып, б. э. ш. 722-жылы арқа патшалықтың Ассирияға сүргин етилиўинен алдын хызмет еткен.

Миха пайғамбар Израилдың пайтахты Самария ҳәм Яҳуданың пайтахты Ерусалим ҳаққында пайғамбаршылық қылады. Еки пайтахттың ҳәмелдарлары ҳәм байлары пүткил халықты жолдан урып, бутларға табыныўды үйретеди. Буннан тысқары, инсапсызлық қылып, кәмбағалларды тонайды. Усындай себеплерге байланыслы Қудай Израил ҳәм Яҳуда халықларын жазаламақшы болады. Миха пайғамбар Израил ҳәм Яҳуда халықларының басына түсетуғын мүсийбетлер ҳәм тутқынлық азаплары ҳаққында пайғамбаршылық қылады.

Деген менен, келешекте Израил ҳәм Яҳуда халықлары ҳақыйқый Қудайға және сыйынады. Сонда Қудай оларды өз елине қайтарып алып келеди, жеңиске жетелейтуғын ҳақ ҳүкимдарды оларға береди. Сол ўақыт келгенде, ҳәмме жерде тынышлық орнайды. Қудай Өзи таңлаған ҳүкимдар менен бирге халыққа шопанлық қылады. Израилды басқаратуғын бул ҳүкимдар Бейтлеҳем қаласында туўылатуғыны ҳаққындағы пайғамбаршылықлар да усы китаптан орын алған.

---

1 [1] Яҳуда патшалары Иотам, Ахаз
ҳәм Хизкия ҳүкимдарлық еткен ўақытлары морешетли Миха
пайғамбарға Самария ҳәм Ерусалим ҳаққында аян болып, Жаратқан
Ийеден мынадай сөз түсти:

### Самария ҳәм Ерусалимниң ҳүким етилиўи

2 Ҳәй, пүткил халықлар, қулақ
салың!
Ҳәй, жер жүзи ҳәм оны толтырып
турғанлар, тыңлаң!
Қудай Ийе Өз мухаддес
Ибадатханасынан сизлерге
қарсы гүўалық береди.
3 Мине, Жаратқан Ийе Өз
мәканынан шығып келер,
Жер жүзине түсип, таўлар
төбеси менен жүрер.
4 Сонда мум отта ерип
кеткениндей,

Таўлар Оның аяғы астында
ерип кетер.
Төбешиклерден суў ағып
түскениндей,
Олар ойпатлыққа қарай төгилер.
5 Булардың барлығы Яқып
урпағының көтерилиси,
Израил халқының гүналары
себепли болар.
Яқып урпағының көтерилисине
ким жуўапкер?
Олардың бас қаласы Самария
емес пе?
Яҳудадағы сыйыныў орынларға
ким жуўапкер?
Бас қала Ерусалим емес пе?
6 Сол себептен Жаратқан Ийе
былай дейди:
«Самарияны қырдағы тас
үйинине,
Жүзим егилетуғын жерге
айландыраман,
Тасларын ойпатлыққа төгип,
Қаланың тийкарын
жалаңашлайман.
7 Самарияның барлық бутлары
бөлек-бөлек етип
сындырылар,
Табынатуғын орынлардағы
бузықшылық пенен
жыйналған саўғалар
жандырылар.
Бутлардың барлығын жоқ
етемен.
Бузықлық жолы менен
жыйналған саўғалар,
Басқа журттағы бузықларға
төлем етип алып кетилер».

8 Мен, усы себепли жылап, дад
саламан,
Жалаңаяқ ҳәм жалаңаш
жүремен,
Сағалдай уўылдап, қайғыраман,
Үкидей бозлап, аҳ ураман.
9 Себеби Самарияның жарасына
шыпа жоқ,
Бул жара Яҳудаға да жуқты,
Жетип келди ол халқымның
дәрўазасына, ҳәттеки,
Ерусалимниң өзине.
10 Бул хабарды душпанымыз Гатқа
еситтирмең!
Олардың алдында көз
жасыңызды төкпең!
Бейт-Лафрада қайғыдан
топыраққа аўнаң!
11 Ҳәй, Шафир халқы,
Жалаңаш ҳәм шерменде
ҳалында сүргинге кетесиз.
Саанан турғынлары
қалаларынан шықпайды,
Бейт-Эсел турғынлары жоқлаў
айтып, жас төгеди,
Енди Бейт-Эсел сизлерге
жәрдем бере алмайды.
12 Марот турғынлары
қутқарылыўды,
Сабырсызлық пенен күткен еди,
Бирақ Жаратқан Ийе жиберген
апат,
Ерусалимниң дәрўазасына
жетип келди.
13 Ҳәй, Лахиш турғынлары,
атларыңызды саўаш
арбаларына қосың,
Қыз Сионды гүнаға баслаған
сизлер боласыз.
Өйткени сизлер Израилдан
өрнек алып, гүна иследиңиз.
14 Солай екен, ҳәй, Яҳуда халқы,
Морешет-Гатқа саўғаларыңызды
берип, хошласа бериң.
Жәрдем күтер Израил
патшалары Ахзиб
қаласынан,

Бирақ олар алданды.
15 Ҳәй, Мареша турғынлары,
Жаратқан Ийе қалаңызды
басқыншылардың қолына
тапсырады,
Израилдың уллы басшылары
Адулламдағы үңгирге
жасырынады.

16 Ҳәй, Яҳуда халқы, сүйикли
балаларыңыз ушын,
Қайғырып, шашларыңызды
алдырың,
Қузғынның басындай етип,
тықырлатып таслаң.
Себеби сүргин етилер
балаларыңыз.

### Жарлыларды езгенлердиң жазаланыўы

2 1 Жынаят қылыўды ойлайту-
ғынлар,
Ҳәттеки төсегинде жатқанда,
Жаўызлық
жобаластыратуғынлар,
ҳәсирет шегесиз!
Таң атқанда, олар дүзген
жобасын жүзеге асырады.
Себеби олардың соны ислеўге
күши жетеди.
2 Кеўли күсеген атызларды
ийелеп,
Зорлық пенен үйлерди тартып
алады.
Олар шаңарақларды езип,
мийрас жерлерин басып
алып атыр.
3 Сол себепли Жаратқан Ийе
былай дейди:
«Мен бул халыққа сондай бир
апат таярлап атырман,
Буннан ҳеш бириңиз қашып
кете алмайсыз.
Басыңызды көтерип, жүре
алмайсыз,
Себеби сондай апатшылық
заман келеди.
4 Сол күн келгенде, сизлерди
масқаралап,
Сизлер ҳаққында мынадай
қайғылы жыр айтылады:
„Бизлер пүткиллей ўайран
болдық!
Жаратқан Ийе халқымыздың
бары-жоғын басқаларға
үлестирди,
Жерлеримизди сатқынларға
тарқатып берди“».
5 Соның ушын, Жаратқан
Ийениң халқы қайтадан
жерди бөлискенде,
Ҳеш бириңиз шек бойынша
үлес жер алмайсыз.

6 Олардың пайғамбарлары:
«Булар ҳаққында
пайғамбаршылық етпе,
Ондай пайғамбаршылықты
тоқтат,
Бизлер болмаймыз шерменде», –
дейди.

7 Ҳәй, Яқыптың нәсили,
«Жаратқан Ийениң сабыры
таўысылған ба екен?
Ол усындай ислерди қылар ма
еди?» – деп айтыўыңыз
орынлы ма?
Жаратқан Ийениң сөзлери
туўры жүрген адамға,
Жақсылық алып келмей ме?

8 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Жақында өз халқыңызға
душпандай зулымлық
қылдыңыз!

Саўаштан қайтқан адамлардай
қәўетерсиз жүргенлерди
аңлып,
Олардың ийниндеги шапанын
тартып алдыңыз.
9 Халқымның ҳаялларын
жағымлы үйлеринен
шығарып жибердиңиз,
Жас балалардың несийбесин
мәңгиге қырқып
таслададыңыз.
10 Қәнекей, турың, кетиң бул
жерден!
Артық аман-есенлик таба
алмайсыз бул елден!
Өйткени гүнаңыз себепли
елиңиз толық ўайран
болды».

11 Жалған сөйлейтуғын өтирикши
келип:
«Сизлерге шарап ҳәм өткир
ишимлик мол болады,
деп пайғамбаршылық
қыламан», – десе,
Ол бул халықтың пайғамбары
саналады!

### Үмит ўәдеси

12 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Бирақ ҳәй, Яқып урпағы,
Мен ҳәммеңизди сөзсиз
жыйнайман,
Қалған израиллыларды
топлайман.
Қорадағы қойлардай,
жайлаўдағы сүриўдей етип,
Жыйнайман сизлерди бир
жерге.
Сонда толып тасар елиңиз
адамларға».
13 Қудай оларға жол ашады,
Тутқынлықтан азат етеди.
Қала дәрўазасынан шығып
кетеди.
Патшаңыз болған Жаратқан
Ийе оларға жетекши
болып, алдында жүреди.

### Басшылардың ҳәм пайғамбарлардың гүнасы

3 1 Сонда мен былай дедим:
«Тыңлаңлар, Яқып
урпағының басшылары,
Израил халқының
ҳүкимдарлары!
Сизлер әдалаттың не екенин
билиўиңиз керек емес пе?
2 Ал сизлер болса, жақсылықтан
жеркенип,
Жаманлықты жақсы көресиз.
Сизлер халқымның терисин
сыйырып,
Етин сүйегинен сылып аласыз.
3 Халқымның гөшин жейсиз:
терисин сыйырып,
сүйеклерин майдалайсыз,
Қазанға салынатуғын гөштей,
табаға писиретуғын еттей
оларды туўрайсыз.
4 Жақын арада сизлер Жаратқан
Ийеге жалбарынасыз,
Деген менен, сол ўақытта
жаўызлық ислегениңиз
ушын,
Ол сизлерден жүзин
жасырады».
5 Халқын жолдан азғырған,
Өзин тойдырғанға тынышлық
тилеген,
Ал аўзын майламағанға
урыс жәриялаған
пайғамбарларға,
Жаратқан Ийе былай дейди:
6 «Соның ушын, үстиңизди
қараңғы түн қаплайды,

Қараңғылықтан ҳеш қандай
аян көре алмайсыз.
Ҳәй, пайғамбарлар, сизлер
ушын қуяш батады,
Күндизиңиз қараңғылыққа
айланады.
7 Ўәлийлер шерменде болады,
Уятқа қалады палкерлер.
Қудай оларға жуўап бермегени
ушын,
Уяттан жүзлерин жаўып алады».

8 Бирақ мен Яқып урпағына
айыпларын,
Израил халқына гүналарын
билдириў ушын,
Жаратқан Ийениң Руўхы
менен күшке,
Әдиллик ҳәм батыллыққа
толаман.
9 Қулақ салың, Яқып урпағының
басшылары,
Израил халқының
ҳүкимдарлары!
Әдилликтен жеркендиңиз,
Ҳақыйқатты бурмаладыңыз.
10 Қанлардың есесине тиклediңиз
Сионды,
Әдилсизлик жолы менен
қурдыңыз Ерусалимди.
11 Басшылары пара алып, ҳүким
шығарады,
Руўханийлери дәмегөйлик
пенен тәлим береди,
Пайғамбарлары пул алып,
пайғамбаршылық қылады.
Сондай болса да, олар:
«Жаратқан Ийе бизлер менен
бирге,
Басымызға түспейди ҳеш
қандай апат», – деп,
Жаратқан Ийеге арқа сүйегиси
келеди.
12 Сонлықтан сизлер себепли
Сион егин майданы киби
сүриледи,
Сизлер себепли Ерусалим
қарабақанаға айланады.
Ибадатхана турған таўды тоғай
қаплайды.

## Жаратқан Ийениң басқарыўы

4 1 Ақырғы күнлер келгенде,
Жаратқан Ийениң Үйи
қурылған таў,
Барлық таўлардан жоқары
болып,
Ҳәмме төбешиклерден
мәртебели болар.
Ығып барар ол жерге халықлар.
2 Көп миллетлер келип, былай
дейди:
«Келиңлер, Жаратқан Ийениң
таўына шығайық,
Яқыптың Қудайының Үйине
кирейик.
Ол бизлерге Өз жолларын
үйретсин,
Бизлер Оның жолынан
жүрейик».
Өйткени нызам шығар
Сионнан,
Жаратқан Ийениң сөзи келер
Ерусалимнен.
3 Көп халықларды Жаратқан Ийе
ҳүким қылар,
Жақын ҳәм узақтағы күшли
миллетлер арасындағы,
Жәнжеллерин шешип берер.
Олар қылышлардан пазналар
соғар,
Найзалардан орақлар ислер.
Бир-бирине қылыш көтермес
халықлар,
Саўаш қылыўды енди үйренбес
олар.

4 Ҳәр ким өз жүзимзарының,
әнжир ағашының астында
тыныш жасайды,
Ҳеш ким оларға абай етпейди.
Буны Әлемниң Жаратқан
Ийесиниң Өзи айтады.

5 Барлық халықлар өз
қудайларына ерсе де,
Бизлер Қудайымыз Жаратқан
Ийениң жолынан мәңги-
бақый жүремиз.

## Израил халқы сүргиннен қайтып келеди

6 «Сол ақырғы күнлер келгенде,
– дейди Жаратқан Ийе, –
Жыйнап аларман қырғынға
ушырағанларды,
Топлайман қуўғын
болғанларды,
Азапқа дуўшар еткенлеримди.
7 Қырғынға ушырағанларды
аман сақлайман,
Қуўғын болғанлардан күшли
халық дөретемен,
Сол күннен баслап, мәңгиге
Мен, Жаратқан Ийе,
Сион таўында оларға
ҳүкимдарлық қыламан.

8 Ҳәй, сүриўдиң гүзетиў минарасы,
Қыз Сионның қорғаны,
Ҳүкимдарлығың өзиңе қайтар,
Ҳәй, қыз Ерусалим,
патшалығың қайта
тикленер».

9 Ерусалим, неге сен дад салып,
зарлайсаң?
Патшаң болмағаны ушын ба?
Толғақ тутқан ҳаялдай неге
азап шегесең?
Мәсләҳәтшиң өлгени ушын ба?
10 Ҳәй, қыз Сион, туўып атырған
ҳаял сыяқлы,
Аҳ урып, өзиңди ҳәр тәрепке
тасла.
Себеби қаладан шығып,
шөл далаларға барып
қоныслайсаң,
Кейин Бабилонияға әкетилип,
сүргин етилесең.
Бирақ ол жерде сен азатлық
табасаң,
Қутқарады сени Жаратқан Ийе
душпан қолынан.
11 Деген менен, саған қарсы
жыйналды бир талай
миллетлер,
Сен ҳаққында былай деп
айтады олар:
«Келиңлер, Сионды хорлайық,
Басына түскенлерин тамаша
қылайық».
12 Бирақ билмейди олар Жаратқан
Ийениң нийетин,
Оларды қырманға
апарылатуғын дән
баўларындай жыйнап
атыр,
Оның усы жобасын олар
түсинбейди.
13 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Ҳәй, қыз Сион, тур да, оларды
басқылай басла!
Себеби темирден қыларман
сениң шақларыңды,
Қоладан ислеймен сениң
туяқларыңды,
Езип, майдалап таслайсаң көп
халықларды.
Бағышлайсаң Маған алған
олжаларыңды,
Пүткил жер жүзиниң Ийеси
болған Жаратқан Ийеге».

5 1 Ҳәй, Ерусалим, әскерлериң-
ди топла!
Душпанлар бизди қамал қылды.
Олар таяқ пенен Израил
ҳүкимдарының бетине
урды.

### Бейтлеҳемнен шығатуғын көсем

2 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Ҳәй, Эфрата аймағындағы
Бейтлеҳем,
Яҳудадағы қалалардың
кишкенеси болсаң да,
Израилды Мениң атымнан
басқаратуғын көсем сеннен
шығады.
Оның нәсили заманның
басланыўы дәўирине барып
тақалады».
3 Соның ушын, ҳәмиледар ҳаял
көз жарып, уллы болғанға
дейин,
Жаратқан Ийе Израил халқын
душпанларға тәслим
қылады.
Кейин сол сүргиндеги қалған
туўысқанлары қайтып,
Израил халқына қайта
қосылады.
4 Ол келип, Жаратқан Ийеден
алған күши менен,
Қудайы Жаратқан Ийениң
атының уллылығы менен,
Сүриўин бағады.
Пүткил дүнья оның
уллылығын тән алады.
5 Тынышлық орнатыўшы ол
болады.

### Қутқарылыў ҳәм тазаланыў

Ассириялылар елимизге ҳүжим
етип,
Қорғанларымызды жарып
өткенде,
Оларға қарсы жети жетекши
ҳәм сегиз басшы
тайынлаймыз.
6 Олар Ассирия жерлерине
қылыш пенен,
Нимрод жерлерине қанжар
менен ҳүкимдарлық етеди.
Ассириялылар елимизге ҳүжим
етип, шегарамызға кирип
келсе,
Бизлерди усы көсем қутқарады.
7 Көп халықлар арасында,
Яқып халқының қалғанлары,
Жаратқан Ийениң жиберген
шығындай,
Майса шөплердиң үстине
жаўған жаўындай болады.
Олар адамзатқа ғәрезли
болмайды,
Ҳеш кимнен жәрдем де
күтпейди.
8 Көп миллетлер ишинде, көп
халықлар арасында,
Яқып халқының қалғанлары,
Тоғай ҳайўанлары арасындағы
арыслaндай,
Қой сүриўи арасына кирип
алған,
Жыртқыш арыслaндай болады.
Жүрген жолларында ҳәммеге
күтилмегенде тасланады.
Олардың қолынан ҳеш ким
қутқара алмайды.
9 Ҳәй, Израил, душпанларыңды
жеңесең,
Барлық душпанларың
қырылып кетеди.

10 «Сол күни, – дейди Жаратқан
Ийе, –
Атларыңызды қырып таслайман,

Саўаш арбаларыңызды
сындырып таслайман.
11 Ўайран қыламан елиңиздеги
қалаларды,
Жер менен жексен қыламан
барлық қорғанларыңызды.
12 Сыйқыршылыққа шек қояман,
Араңызда бирде бир палкер
қалдырмайман.
13 Жоқ қыламан бут ҳәм кийели
тасларыңызды,
Артық табынбайсыз
қолларыңыз бенен ислеген
бутларыңызға,
14 Араңыздағы кийели ағашларды
қопарып таслайман,
Қалаларыңызды жер менен
жексен қыламан.
15 Маған бойсынбаған
миллетлерге,
Өз қәҳәр ҳәм ғәзебимди төгип,
өш аламан».

## Жаратқан Ийениң Өз халқын айыплаўы

6 1 Жаратқан Ийениң айтқан
мына сөзине қулақ салың:
«Қәне, турың! Шағымыңызды
таўлар алдында айтың,
Төбешиклер даўысыңызды
еситсин».
2 Ҳәй, таўлар Жаратқан Ийениң
айыплаўына қулақ салың!
Ҳәй, жер жүзиниң беккем
тийкарлары Оған қулақ
түриң,
Себеби Жаратқан Ийе Өз
халқына қарсы даўын
айтар,
Израил халқы менен тартысар.
3 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Ҳәй, халқым, Мен саған не
қылдым?
Қәне, жуўап бер, саған қандай
аўырманлығым түсти?!
4 Мысырдан сени алып шыққан
едим,
Азат еткен едим қуллық
мойынтырығынан.
Саған жолбасшы болсын деп,
Муўсаны, Харонды ҳәм
Мәриямды жиберген едим.
5 Ҳәй, халқым, Моаб патшасы
Балақтың сизлерге қарсы
жаўыз нийетин,
Беор улы Биламның оған қалай
жуўап бергенин есле.[a]
Шиттимнен Гилгалға дейинги
болған ўақыяларды есле,[b]
Сонда билип аласаң
сени қандай етип
қутқарғанымды».

## Ҳақыйқый бойсыныўшылық

6 Жаратқан Ийениң алдына не
алып барайын?
Жоқарыдағы Қудайға қалай
сыйынайын?
Оған арнап жандырылатуғын
қурбанлық берейин бе?
Бир жасар тананы усынайын
ба?
7 Оған арнап мыңлап
қошқарларды сойсам,
Зәйтүн майын дәрья қылып
ағызсам,
Жаратқан Ийениң меннен
кеўли толар ма екен?
Айыбым ушын туңғыш улымды
берейин бе?

---

a **6:5** Сан 22–24.
b **6:5** Ешу 3–4.

Гүнам ушын өз перзентимди
қурбан етейин бе?
8 Ҳәй, адамзат, ненің жақсы
екенин,
Жаратқан Ийе билдирди саған,
Оның сеннен талап
қылатуғыны ибаратдур
мынадан:
Әдиллик қылып,
сүйиспеншиликке садық
бол,
Мүләйим болып, Қудай менен
бирге жүр.

### Израилдың гүнасы ҳәм жазасы

9 Жаратқан Ийе қала халқына
даўыслап былай дейди,
Оған қулақ салыў –
даналықдур:
«Ҳәй, тыңлаң, халық ҳәм қала
жәмийети!
10 Үйлерин ҳарам байлық пенен
толтырып атырғанларға,
Надурыс өлшемлерге қалай
итибар бермейин.
11 Тәрезиден жегенине,
Надурыс өлшем тас
қолланғанына,
Қалай шыдай аламан?
12 Зорлық қылады қаладағы
байлар,
Жалатайдур қала халқы да,
Тиллеринен болса жалған
сөзлер шығар.
13 Соның ушын, Мен сизлерди
ураман,
Гүналарыңыз ушын ўайран
қыламан.
14 Сизлер жейсиз, бирақ
тоймайсыз,
Ҳәмме ўақытта аш қалады
қарныңыз.
Зат жыйнайсыз, оны сақлай
алмайсыз,
Жыйнап-тергениңизди қылыш
пенен жоқ қыламан.
15 Егесиз, бирақ орып алмайсыз,
Зәйтүн майын сығып аласыз,
Бирақ майдан үстиңизге сүрте
алмайсыз,
Жүзим искенжеде жүзим
сығасыз,
Бирақ оның шарабынан ише
алмайсыз.
16 Өйткени ердиңиз патша
Омрийдиң үрп-әдетлерине,
Патша Ахабтың әўладының
жаўыз қылмысларына.[a]
Олардың мәсләҳәти менен
жасадыңыз,
Сонлықтан Мен сизлерди
қорқынышлы көриниске
айландыраман.
Сизлерди көргенлердиң жаны
түршигеди,
Барлық халықлардың алдында*
насаққа қаласыз».

### Израил халқының жаўыз ислери

7 1 Ўаҳ, сорым қурыды!
Жүзимзар жыйын-терими
болынып,
Жазғы мийўелер терип
алынғаннан соң,
Шақаларынан жеўге бир
солқым да таба алмаған,
Бир дана әнжирге зар болған
адам сыяқлыман.
2 Бул елде Қудайға садық адам
қалмады,

---

[a] **6:16** 3Пат 16:21-34.

Дурыс жүрген ҳеш ким қалмады
адамлар арасында.
Қан төгиў ушын адамлар
аңлып жатар,
Дузақ қурады туўысқанлар
бир-бирине.
3 Жаманлық қылыўға шебер олар,
Ҳәмелдар ҳәм қазы пара алады.
Күшли адам қәлегенин зорлық
пенен қылдырады,
Биргеликте ҳақлықты бузып
көрсетеди.
4 Олардың ең жақсысы жантаққа
уқсайды,
Ҳүжданлысы болса, тикенектен
бетер.
Бирақ сизлер күтип турған
күнлери,
Жетип келди жазаланатуғын
күнлери,
Енди олар сасқалақлап қалады.
5 Исенбең қоңсыңызға, сүйенбең
достыңызға.
Қойныңызда ҳаялыңыз жатқанда,
Қум қуйың аўзыңызға.
6 Өйткени сол ўақытлары ул өз
әкесин хорлайды,
Қыз анасының бетинен алады,
Келин болса, қәйин енесине
қарсы турады.
Адамның душпанлары өзиниң
үй-иши болады.
7 Бирақ мен Жаратқан Ийеге көз
тигемен,
Қутқарыўшым болған Қудайды
үмит пенен күтемен,
Сөзсиз еситеди мени Қудайым
мениң.

**Жаратқан Ийениң қутқарыўы**

8 Жағдайымды көрип,
шад болмаң, ҳәй,
душпанларым!
Жығылсам да, өзим тураман.
Қараңғылықта қалсам да,
Жаратқан Ийе маған нур
болады.
9 Жаратқан Ийеге қарсы гүна
иследим.
Енди Оның ғәзебине шыдайман.
Бирақ Ол мени жақлап,
ақлайды.
Жарықлыққа мени алып
шығады,
Сонда Оның әдиллигин
көремен.
10 Душпаным буны көреди,
«Қудайың Жаратқан Ийе қай
жерде?» – деп масқара
қылған,
Сол душпаным шерменде
болады.
Оның қулаўын өз көзим менен
көремен,
Солай етип, аяқ асты болады
көшедеги батпақ сыяқлы.

11 Ҳәй, Ерусалим, мынадай ўақыт
келеди:
Сениң дийўалларың қайта
қурылады,
Шегараң сениң кеңейип кетеди.
12 Сол ўақытта ҳәмме жерден
халықлар келеди.
Ассириядан Мысырға дейин,
Мысырдан Евфрат дәрьясына
дейин созылған жерлерден,
Узақ теңиз бойларынан
ҳәм алыс таў
жанбаўырларынан,
Ағып келеди көп халықлар.
13 Бирақ ишинде жасап
атырғанлардың
қылмысларынан,
Дүнья жүзи қаңырап босап
қалады.

### Миханың дуўасы ҳәм Жаратқан Ийеге алғыс айтыўы

14 Жаратқан Ийе, халқыңның
шопаны бол,
Әтираплары өнимдарлы
жерлер,
Бирақ тоғай ишинде жалғыз
жасайтуғын сүриўиңди,
Өз ҳасаң менен басқара гөр.
Узақ өтмиште болғанындай,
Башан ҳәм Гилад
жайлаўларында отлата
гөр.
15 Бизлерди Мысырдан алып
шыққан күнлериңдегидей,
Кәраматларыңды көрсет
халқың ушын.
16 Кәраматларыңды көрген
миллетлер,
Күш-қудиретлерине жараса
шерменде болады.
Қорқыныштан қоллары менен
аўызларын басып,
Қулақлары олардың гереӊ
болып қалады.
17 Жылан ҳәм жер
баўырлаўшылар сыяқлы
топырақ жалайды олар,
Қорққанынан титиреп
қорғанларынан шығады.
Қудайымыз Жаратқан Ийе,
олар ҳүрейи ушып,
Қалтырап Сениң алдыңа
келеди.

18 Қудай, Саған уқсасы бар ма
екен?
Өз халқыңның қалғанларының,
Жынаятларын ҳәм
көтерилислерин
кеширетуғын басқа Қудай
жоқдур.
Мәңгиге ғәзепленбессең
халқыңа,
Себеби садық мийримиңди
көрсетиўди мақул көресең.
19 Сен бизлерге және мийрим-
шәпәәт қыларсаң,
Езип тасларсаң айыпларымызды
аяғың астында,
Пүткил гүналарымызды теңиз
түбине ылақтырасаң.
20 Өтмиште ата-бабаларымызға,
Ибрайымға ҳәм Яқыпқа
ант ишип, ўәде бергенсең,
Олардың урпағына берген
ҳақыйқат сөзиңде садық
турасаң.

# Нахум пайғамбардың китабы

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Нахум китабы Ассирия пайтахты Ниневияның қулаўы ҳаққында жазылған қосық түриндеги пайғамбаршылық. Ассирия қүдиретли патшалық болып, өзи басып алған халықларға жүдә залым ҳәм жаўыз еди. Юнус пайғамбардың дәўиринде Ниневия турғынлары гүналарынан тәўбе қылған еди. Бирақ Нахум пайғамбардың дәўиринде болса олар және жаўызлыққа, бутпаразлық ҳәм жаманлыққа аса берилип кетеди. Ассирия б. э. ш. 722-жылы Израилды басып алып, турғынларын Ассирияға сүргин қылады. Олар Яҳудаға, яғный қубла патшалыққа да көп қәўип туўдырады. Соның ушын, Нахум пайғамбар Ниневияның аянышлы ақыбети ҳаққында пайғамбаршылық қылады.

Нахум пайғамбар Ниневия қуламастан алдын ўаз айтады. Бабилониялылар б. э. ш. 612-жылы Ниневияны жеңилиске ушыратады. Китаптан орын алған Тебес қаласының қулаўы туўрысындағы ўақыялар б. э. ш. 663-жылы, Нахум пайғамбар хызмет етиўден алдын жүз береди (3:8-10).

Бул китапта пайғамбар Нахум Қудайды – пүткил әлемниң ҳәм барлық халықлардың Ҳүкимдары, ҳәммениң тәғдирин бақлап турыўшы ҳақыйқый Қудай деп жәриялайды.

---

**1** [1] Бул Ниневия қаласы ҳаққында пайғамбаршылық сөзи. Элқошлы Нахумға берилген аян мынадай:

### Жаратқан Ийениң Ниневияға қарсы ғәзеби

2 Жаратқан Ийе – қызғаншақ, өш
алыўшы Қудайдур,
Ол өш алады ҳәм ғәзепке
толыдур.
Қарсы шыққанлардан өш алар,
Душпанларына қарсы
ғәзепленип жүрер.
3 Жаратқан Ийе сабыр-тақатлы,
Бирақ Ол күшли,
қүдиретлидур.
Айыплының айыбын сөзсиз
жазалайды,
Жүрген жолы қуйын менен
даўыл болады,
Аяқ астынан шаңдай қойыў
бултлар көтериледи.
4 Ол бир буйрық пенен қурғатар
теңизди,
Кептирип таслар пүткил
дәрьяларды.

Қуўрап қалар Башанның ҳәм
Кармел таўының жасыл
шөплери,
Солып қалар Лебанонның
гүллери.
5 Жаратқан Ийениң алдында
таўлар титирер,
Дәргайында төбешиклер ерип
кетер.
Ол көрингенде, жер силкинер,
Пүткил жер жүзи ҳәм ондағы
барлық қалтырап кетер.
6 Ким қарсы тура алар Оның
қәҳәрине?
Ким шыдай алар Оның
лаўлаған ғәзебине?
Ғәзеби оттай лаўлап жайылар,
Жартаслар шыл-пәрше болып
кетер.

7 Жаратқан Ийе жақсыдур,
Қыйналған ўақытта қорғандур,
Қорғайды Ол Өзинен пана
тапқанларды.
8 Бирақ күшли суў тасқыны менен
жоқ етер Ниневияны,
Душпанларының изине түсип,
қараңғылыққа айдайды.
9 Жаратқан Ийеге қарсы ҳеш
қандай жоба дүзбе!
Өйткени Ол сени жоқ қылады.
Екинши мәрте Оған қарсы тура
алмайсаң.
10 Шырмалған тикендей, мәс
болып батырдай болған
сизлер,
Қурғақ сабандай жандырылып
жоқ боласызлар.
11 Ҳәй, Ниневия, Жаратқан Ийеге
қарсы жоба дүзетуғын,
Жаўыз мәсләҳәт беретуғын
сеннен шықты.
12 Жаратқан Ийе Яҳуда халқына
былай дейди:
«Ассириялылар күшли ҳәм
сансыз болғаны менен де,
Олар қырылып, жоқ болып
кетеди.
Ҳәй халқым, сениң басыңды
азапқа салған едим,
Енди буннан булай азапқа
дуўшар етпеймен,
13 Мойынтырығыңды сындырып,
Ассирияның қолынан азат
қыламан».

14 Ассирия ҳаққында Жаратқан
Ийе мынадай буйрық берди:
«Атыңызды даўам етиўши
зүрядыңыз болмасын,
Жоқ қыламан қудайларыңның
үйиндеги бут мүсинлерди,
Жағымсыз халық болғаның
ушын, таярлайман
қәбириңди».

15 Мине, хош хабар алып келиўши,
Тынышлық хабары менен
таўлардан асып келер.
Ҳәй, Яҳуда халқы, белгиле
байрамларыңды,
Орынла Қудайға берген
ўәделериңди.
Енди душпанларың бастырып
келмес елиңе,
Өйткени толығы менен жоқ
етилди олар.

### Ниневияның қулаўы

**2** 1 Басқыншылар бастырып
киятыр, ҳәй Ниневия, қор-
ғаныңды беккемле,
Жолларды қадағала, белиңди
беккем буўып, бар
күшиңди жыйна.

2 Душпанлары Израилды тас-
талқан етип,
Жүзим бағларын ўайран еткен
еди.
Бирақ Яқыптың алдынғы
уллылығын қайта
тиклегендей етип,
Жаратқан Ийе Израилдың
уллылығын да қайта
тиклейди.

3 Ниневия, душпаныңның
әскерлериниң қалқаны
қып-қызылдур,
Ләшкерлериниң кийими
қырмызы реңдур,
Саўаш арбалары саўаш күни
жалындай жалтылдайды,
Найзалары ҳаўада шайқалып
турады.
4 Көшелер бойлап желип ушар
саўаш арбалары,
Зуўылдайды қала майданларында
арман-берман,
Жанып турған шом сыяқлы
от шығарып, жылдырым
сыяқлы жарқырайды.
5 Сәркәрдасы ләшкербасыларын
жыйнайды,
Алға басқанда, олар өз
жолында асығады.
Қалқанларын өзлерине пана
қылып,
Қала дийўалына жапырылады.
6 Дәрья бөгетлери ашылады,
Сарай суў менен шайылып, жер
менен жексен болады.
7 Алдын ала жәрияланғандай
сүргин етилер Ниневия,
Оның шорылары кептердей
нала шегер,
Өкиништен олар көкирегине
урар.
8 Ниневия қаласы суўы жығып
кеткен ҳәўиз яңлы,
Қашып кетер ишиндеги
халықлар,
Артынан: «Тоқтаңлар,
тоқтаңлар!» деп бақырар,
Бирақ қайрылып қарамас ҳеш
ким артына.

9 Тоналған гүмис пенен алтыны,
Таўысылмайды Ниневияның
қымбатбаҳа затлары,
Ол толыдур ҳәр түрли
ғәзийнеге.

10 Қулады, жер менен жексен
болып, ўайран болды
Ниневия.
Қорқыныштан руўхлары түсип
кетти,
Дизелери қалтырап, титиреп
кетти денелери,
Солғын тартып, бозарды ҳәр
бириниң жүзи.

11 Не болып қалды арыслан
инине уқсаған Ниневияға?
Арыслан өз балаларын баққан
сол жерге.
Арыслан ҳәм ана арыслан
жүрген ўақытта,
Қәўип-қәтерсиз еди олардың
балалары.
12 Арыслан жетерлише аң аўлаған
еди балалары ушын,
Ана арыслан ушын олжаларын
баўызлаған еди.
Аўлаған аўлары менен өз инин,
Олжалар менен толтырған еди
өз уясын.

13 Әлемниң Жаратқан Ийеси бы-
лай дейди: «Саған қарсыман, ҳәй,

Ниневия! Саўаш арбаларыңды жан-
дырып жиберемен. Күшли арыслан-
ларың қылыштан өледи. Ендигиден
былай, сен тонаўшылық қыла ал-
майсаң. Хабаршыларыңның даўы-
сы артық еситилмейди».

**3** 1 Ҳәсирет шегесең, ҳәй, қолла-
ры қан қала!
Жалғанға ҳәм талан-тараж
етилген затларға толған
қала.
Ол жердеги тонаўшылық ҳеш
қашан таўысылмас.
2 Еситилер қамшының
тарсылдысы ҳәм
дөңгелеклердиң дүсирлиси,
Шаўып баратырған ат
туяқларының даўысы,
Саўаш арбаларының тасыр-
тусырлысы.
3 Ҳүжимге кирди атлы әскерлер,
Қылышлар жалт-жулт етер,
найзалар жылтырар,
Үйилип кетти өли денелер,
Сансыз болып кетти өликлер,
Буларға сүрнигип атыр
адамлар.
4 Сен, суйық аяқлық пенен
шексиз бузықшылық
қылған сыйқыршы
ҳаялсаң,
Бузықлығың менен халықларды
өзиңе тутқын қылып,
Сыйқыршылығың менен өзиңе
қул еткен един.
5 Әлемниң Жаратқан Ийеси
былай дейди:
«Саған қарсыман, ҳәй Ниневия!
Мен сениң көйлегиңниң етегин
жоқары көтерип,
Миллетлерге жалаңаш денеңди
көрсетип,
Патшалықлардың алдында
шерменде қыламан.
6 Үстиңе тасланды таслап, сени
хорлайман,
Адамларға тамаша боласаң сен.
7 Сени ким көрсе де артқа
шегинип, былай дейди:
„Ўайран болды Ниневия,
Ол ушын кимниң жаны
ашыйды екен?“
Сени жубататуғын ҳеш ким жоқ».

8 Мысырдың бас қаласы Но-
Амоннан сениң қай жериң
артық еди?
Дәрья бойында жайласқан еди
сол қала да,
Суў менен қоршалып, қорғаны
Нил дәрьясы еди,
Суўлар оның қорған
дийўаллары болған еди.
9 Хабашстан ҳәм Мысыр оның
шексиз күшиниң булағы
еди,
Пут ҳәм Ливия да оның
аўқамласлары еди.
10 Солай болса да, Тебес халқы
сүргин етилип, тутқынға
алып кетилди,
Ҳәр бир көшениң басында
тасқа урып өлтирилди
нәрестелери.
Ақсүйек беклери ушын шек
тасланды,
Шынжыр менен кисенленди
барлық уллы адамлары.
11 Ҳәй, Ниневия, сен де мәс
болып, тентиреклеп
жүресең,
Сен де душпанларыңнан
жасырынатуғын жер
излейсең.
12 Сениң барлық қорғанларың,

Әнжир ағашының биринши
пискен миййўесине мегзер.
Ағашты силкиткенде, әнжирлер
жейтуғынның аўзына түсер.
13 Әскерлериңе қара! Ҳаял
адамнан парқы жоқ
олардың,
Дәрўазаларың душпанлар
ушын кең ашылар.
От жағып жоқ қылды
дәрўазаларыңның
тәмбилерин.
14 Қамалға түсетуғын ўақтың
ушын суўыңды толтыр,
Беккемле қорғанларыңды!
Гербиш таярлаў ушын ылайды
ийле,
Қуятуғын қәлиплериңди таярла.
15 Бәри бир от жалмап сени жутып
жибереди,
Қылыш сени қырып таслайды.
Шегирткелер егинлерди жеп
жоқ қылғандай,
Душпанларың сени жоқ
қылады.
Сизлер шегирткелердей көбейе
бериңлер!
16 Аспандағы жулдызлардан да көп
саўдагерлериң,
Олар шегирткелер яңлы
елиңди талан-тараж етер,
Кейин қанат қағып ушып кетер.
17 Сениң ҳүкимдар ҳәм
хызметкерлериң,
Суўық күнде диййўалларға
қонатуғын,
Ал қуяш шыққанда ушып
кетип, ғайып болатуғын
шегирткелерге уқсайды.
18 Ҳәй, Ассирия патшасы, ел
басқарыўшыларың өлди,
Ақсүйеклериң болса, мәңги
уйқыға кетти,
Тарап кетти халқың таўларға.
Оларды жыйнайтуғын ҳеш ким
қалмады.
19 Жарақатыңның даўасы жоқ,
жараларың өлимге алып
барар.
Сениң аўҳалыңды еситкен
барлық адамлар,
Шадланып қолларын
шаппатлар.
Өйткени сениң шексиз
жаўызлығыңнан азап
шекпеген адам бар ма еди?
Ҳеш ким қашып қутыла
алмаған еди.

# Хабаққуқ пайғамбардың китабы

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Хабаққуқ пайғамбар Яҳуда елиниң қулаўына жақын ўақытта хызмет еткен. Бабилониялылар б. э. ш. 605-жылы Яҳуда елине биринши ҳүжиминен соң, б. э. ш. 586-жылы оны толығы менен ийелеп алады.

Китаптың биринши ҳәм екинши бапларында Хабаққуқ пайғамбар менен Қудай арасындағы сәўбет сөз етиледи. Хабаққуқ пайғамбар әдалатсызлық ҳәм жынаятларға толып тасқан Яҳуда ели ҳаққында Қудайға арыз қылады. Сонда Қудай Хабаққуққа Өз жобасын аян қылып, Яҳуда халқын бабилониялылар арқалы жазалайтуғынын айтады. Бирақ Хабаққуқ буған наразылығын билдиреди. Қудайдың жаза қуралы сыпатында Яҳуда халқынан гөре гүналары аўыр болған бабилониялыларды қолланыўын Хабаққуқ ҳеш түсинбейди. Бул оған әдалатсызлықтай болып түйиледи. Бирақ Қудай Хабаққуққа жуўап берип, ўақты келгенде бабилониялыларды да жазалайтуғынын айтады.

Қудайдан жуўап алған пайғамбар Хабаққуқ Қудайға болған исенимин жәриялап, китапты гөззал қосық пенен тамамлайды. Ол Қудайға шүкирлик билдирип, Оның теңсиз қүдирети ҳәм уллылығына алғыс-мақтаўлар айтады.

---

**1** [1] Бул пайғамбаршылық сөз – Хабаққуқ пайғамбарға аян арқалы
берилген хабар.

### Хабаққуқтың Жаратқан Ийеге нала шегиўи

[2] Жаратқан Ийе, қашанға
дейин Сени жәрдемге
шақыраман,
Маған қулақ саласаң ба, өзи?
«Зорлық-зомбылық!» деп
жалбарынып атырман,
Бирақ бизлерди қутқармай
атырсаң Сен!
[3] Не ушын жаўызлықты көзим
менен көриўиме жол
қойдың?
Сондай наҳақлыққа қалай
қарап турыпсаң?
Қаяққа қарасам да талан-
тараждлық ҳәм зорлық-
зомбылық.
Ҳәмме жерде даў ҳәм
жәнжеллер толып кетти.

4 Сонлықтан нызам өз күшин
жойтып, әдиллик аяқ асты
болды,
Жаўызлар әдил адамлардан
үстин келди,
Солай етип, әдиллик
бурмаланды.

### Жаратқан Ийениң жуўабы

5 «Дыққат пенен қараңлар басқа
халықларға,
Таң қаласызлар көргенлериңизге.
Сизлердиң дәўириңизде сондай
ислер қыламан,
Еситкен ўақтыңызда, исене
алмайсызлар.
6 Мине, Мен калдейлерди күшли
қыламан,
Бул халық жаўыз ҳәм
тынымсыз.
Олар дүньяның төрт тәрепине
жүрис қылады,
Басқа халықларға тийисли
жерлерди басып алады.
7 Олар қорқынышлы ҳәм
қәўиплидур,
Өзине хан, өзине бий болған
менмен халықдур.
8 Олардың атлары қапланнан тез,
Түнде жүретуғын аш
қасқырлардан да
қәўиплидур.
Атлы әскерлери жерди
шаңғытып, узақтан келер,
Олжасына тасланатуғын
бүркит яңлы ушып келер.
9 Олардың ҳәммеси киятыр тонаў
ушын,
Ордалары шөл қуйынындай
алға талпынып,
Олар қум жыйнағандай
тутқынларды жыйнап
келер.
10 Патшаларды мазақлап,
басшыларды масқара
қылады,
Қорғанлы, беккем қалалардың
үстинен күледи,
Сол қалалардың дийўалларына
қыя етип, топырақ үйип,
Кейин оларды қолға алады.
11 Соннан кейин, олар самал
сыяқлы тез өтип кетеди,
Бул гүнакар адамлар өз күшин
қудай, деп есаплайды».

### Хабаққуқтың Жаратқан Ийеге және нала шегиўи

12 Жаратқан Ийе, Мухаддес
Қудайым,
Ҳәмме ўақытта бар болған Сен
емессең бе?
Солай екен, бизлер жоқ болып
кетпеймиз.
О, Жаратқан Ийе, бизлерди
жазалаў ушын,
калдейлерди таңладың,
О, мениң қорғаўшы Жартасым,
жазалаў ҳуқықын соларға
бердиң.

13 Жаўызлықты көргиси
келмейтуғын сондай
пәкдур Сениң көзлериң,
Хош көрмейсең Сен
наҳақлықты.
Не ушын енди усы жаўыз
адамларға шыдап атырсаң?
Жаўызлар өзлерине қарағанда
әдилирек болғанларды
жутып атырғанда,
Сен қалайынша үнсиз турыпсаң?
14 Сен адамзатты теңиздеги
балықлардай,
Басшысы жоқ шыбын-
ширкейлердей қылдың.

15 Калдейлер олардың барлығын
өз қармағына түсирер,
Тор таслап балық аўлағандай
етип, оларды аўлар.
Аўлары менен тутып алып,
жыйнап алар,
Сонда олар қуўанып, шадланар.
16 Аўлары арқалы олар көп олжа
алады,
Жақсы аўқатлар менен
аўқатланады,
Сол себепли, аўлары ушын
қурбанлықлар шалады.
Аўларына арнап, түтетки
түтетеди.
17 Қашанға дейин, олар аўлары
менен еллерди аўлап,
Халықларды аяўсыз өлтириўди
даўам етеди?

2 1 Мен гүзетши минарасына
шығып,
Минараның үстинде қарап
тураман,
Жаратқан Ийениң жуўабын
күтемен.
Мениң налаларыма қандай
жуўап беретуғынын
көремен.

### Жаратқан Ийениң Хабаққуққа берген жуўабы

2 Сонда Жаратқан Ийе маған
былай деп жуўап берди:
«Тасларға анық қылып жаз
саған аян қылғанларымды,
Ҳәр бир адам бир қарағаннан
оқый алатуғын болсын.
3 Бул аян белгиленген ўақытта
әмелге асады,
Сол ўақыт тез арада келеди, бул
аян жалған емес.
Егер де кешиккендей болып
көринсе, сабыр ет,
Ол әлбетте кешикпей
орынланады.
4 Қара, менмен адам туўры жолдан
жүрмегени ушын өледи,
Ҳақ адам Қудайға болған
садықлығы арқалы жасайды.

5 Байлық* алдамшыдур,
Менмен адам тыным таппайды,
Ол өлилер мәканына уқсап,
Өлим сыяқлы ҳеш қашан
тоймайды.
Соның ушын, еллерди басып
алып, халықларды тутқын
қылады.
6 Тутқынға түскен халықлар оның
үстинен күлип, мазақлап былай
дейди:
„Ҳәй, өзине тийисли болмағанды
талап, бир үйин қылған,
Ҳәсирет шегесең, басқалардың
затларын тонап,
қарызыңды арттырған.
Бул жағдай қашанға дейин
даўам етер еди?“
7 Қарызыңды қайтарыўды талап
қылатуғынлар тосаттан
пайда болады,
Олар келип, сени қорқыныш
ишинде қалдырады,
Сонда сен олар ушын олжа
болып қаласаң.
8 Сен көп халықларды тонап, қан
төктиң.
Еллерге, қалаларға ҳәм ондағы
халықларға зорлық-
зомбылық қылдың,
Соның ушын, олардан аман
қалғанлары сени талайды.
9 Үйин жаўызлық пенен байлыққа
толтырып,

Апаттан қашыў ушын, үйин
бийикке қурған, ҳәсирет
шегеди!
10 Сен өз ҳийлең менен,
Өз урпағыңа шерменделик
алып келдиң,
Көп халықларды қыйратқаның
ушын,
Апат алып келдиң өз басыңа.
11 Ҳәттеки, үйиңниң дийўал
таслары саған қарсы
пәрияд қылады,
Өре ағашлары да оларға
қосылып жаңғырады.
12 Ҳәй, қан төгип қала қурған,
ҳәсирет шегесең,
Ҳәй, әдалатсызлық пенен
қорған салған, ҳәсирет
шегесең!
13 Халықлардың тер төгип
ерискенлериниң жанып
кетиўи,
Миллетлердиң барлық
мийнетлериниң босқа
шығыўы,
Әлемниң Жаратқан Ийесиниң
иси емес пе?
14 Өйткени суўлар теңизди
толтырып турғанындай,
Жер жүзи Жаратқан Ийениң
уллылығы ҳаққындағы
билимге толады.
15 Ҳәсирет шегесең! Ҳәй, жалаңаш
денелерин тамаша қылыў
ушын,
Қоңсы халықларға мәс
болғанынша өзиңниң ғәзеп
шарабыңнан иштирген.
16 Сен абырай орнына
шерменделикке бөленесең,
Енди гезек саған келди, өзиң
де иш ҳәм көринсин
сүннетсиз жалаңаш денең.
Жаратқан Ийе саған иштирер
оң қолындағы жазаға толы
кесесин,
Сөйтип абырайыңды төгип,
шерменде қылар.
17 Лебанон тоғайларында қылған
зорлық-зомбылығың өз
басыңа түседи,
Жабайы ҳайўанларды қырып
тасладың,
Енди сол ислеген жаўызлығың
өзиңди қорқыўға салады.
Адамзаттың қанын төктиң,
Еллерге, қалаларға ҳәм ондағы
халықларға зорлық-
зомбылық қылдың.
18 Адамзаттың қолдан соққан ойма
ҳәм қуйма бутлары неге
жарайды?
Олардың не пайдасы бар
жалғаннан басқа?
Адам өзи соққан бутына
исенер,
Бирақ соққан буты тилсиз бир
үнсиз затдур.
19 Ағаш бутқа „Оян!“ деп айтқан,
Тилсиз тасқа „Тур!“ деп
жалбарынған, ҳәсирет
шегесең!
Бут саған туўры жолды көрсете
алар ма еди?
Олар алтын ҳәм гүмис пенен
қапланғандур,
Бирақ оның ишинде өмир жоқ.
20 Ал Жаратқан Ийе – Өз мухаддес
Ибадатханасында,
Үнсиз турсын пүткил дүнья
Оның алдында».

### Хабаққуқтың дуўасы

**3** 1 Пайғамбар Хабаққуқтың жыр
менен айтылатуғын дуўасы.

2 Жаратқан Ийе, даңқыңды
еситтим,
Сениң ислеген ислериңе таң
қалдым,
Бизиң заманымызда да сондай
ислерди және исле, о,
Жаратқан Ийе,
Енди ҳәммеге мәлим болсын
нелер ислей алатуғыныңды.
Мийрим-шәпәәтиңди умытпа
ғәзеплене генинде!

3 Қудай жәрдемге келеди
Теманнан,
Мухаддес Қудай келер Паран
тауынан. Селаҳ[a]
Оның уллылығы қаплайды
аспанды,
Оған арналған алғыс-мақтаўлар
дүньяны толтырады.

4 Оның нуры жылдырымдай
жарқырар,
Нур шашылар Оның
қолларынан,
Күш-қудирети қолларында
жасырынғандур.
5 Ол Өзиниң алдынан иллет
жиберер,
Өлтиретуғын кеселге изинен
жүриўди буйырар.
6 Ол турғанда жер силкинеди,
Нәзер таслағанда, халықлар
титирейди.
Әййемнен киятырған таўлар
қулап түсип,
Бурыннан бар болған
төбешиклер шөгип, Оған
бас ийеди,
Мәңгидур Қудайдың жоллары.
7 Кушан адамларының өз
шатырларында қорққанын,
Мидян жеринде жасайтуғын
адамлардың титирегенин
көремен.
8 Жаратқан Ийе, сайларға
ашыўландың ба?
Ғәзеплендиң бе дәрьяларға?
Ямаса өшиң бар ма еди
теңизде?
Халқың ушын миндиң бе
жеңилмес атларыңа ҳәм
саўаш арбаларыңа?
9 Сен атыў ушын оқ жайыңды
аласаң,
Оқларыңды атыўға таярлайсаң.
Селаҳ
Жер жүзин дәрьялар менен қақ
бөлип таслайсаң.
10 Титиреп кетер таўлар Сени
көргенде,
Селлер тасып, барлық нәрсени
жуўып кетер,
Теңиз түплери шырқырап,
толқынлары көтерилер.
11 Сениң оқларыңның ушқан
нурынан,
Жылтыраған найзаңның
жылтыраўынан,
Өз орнында қатып қалар қуяш
пенен ай.
12 Сен басып өтерсең жер жүзин
ғәзеп пенен,
Халықларды қәҳәриң менен
басып езерсең.
13 Өзиң таңлаған халықты ҳәм
тайынлаған патшаны
қутқарыў ушын келесең,
Жаўыз елдиң басшысын тас-
талқан етесең,

a **3:3** *Селаҳ* – бул саз термини болыўы мүмкин. Мәниси белгисиз. Забур жырларында жийи қолланылған.

Толық жоқ қыласаң жаўыз
патшалықтың күшлерин.
Селаҳ
14 Душпан әскерлери бизлерди
дағытыў ушын қуйындай
болып келер,
Буққы таслап, ҳәлсиз адамларды
талан-тараж етер,
Сөйтип, олар шадланып қуўанар.
Ал Сен олардың басшысын өз
найзасы менен өлтиресең.
15 Атларың менен теңизди басып,
Уллы суўларды үйир етип,
айландырасаң.

16 Буларды еситкенимде, ләрзеге
келди денем,
Қалтырап кетти мениң
еринлерим,
Ерип кеткендей болды
сүйеклерим,
Дәрмансызлықтан дизелерим
титиреди.

Бирақ бизлерге ҳүжим
қылғанлардың апатшылық
күнин,
Күтемен мен сабырлылық
пенен.

17 Ҳәттеки, әнжир ағашы
миййўелемей қалса,
Жүзим ағашлары жүзим
бермесе,
Өним бермесе де зәйтүн
ағашлары,
Атызларда зүрәәт болмай
қалса да,
Қой қоралар босап қалса да,
Падада маллар қалмаса да,
18 Мен бәри бир Жаратқан Ийеде
йошланаман,
Қутқарыўшым Қудайыма
қуўанаман.
19 Қудай Ийе күшимдур мениң,
Ол аяқларымды кийиктиң
аяғындай шаққан қылар.
Таўлардың үстинен мени
жүргизер.

Атқарыўшылардың жетекшисине:
тарлы саз әсбаплар менен айтылады.

# Сефания пайғамбардың китабы

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Сефания Яҳудада патша Иошияның ҳүкимдарлығының дәслепки жылларында пайғамбаршылық қылады. Б. э. ш. 621-жылы патша Иошия қайта өзгерис киргизиў өткерген еди. Оның хызмети өзгерис киргизиўден әўелги дәўирге туўры келген болыўы мүмкин. Еремия ҳәм Нахум пайғамбарлар Сефания пайғамбардың заманласлары болған.

Сефанияның дәўиринде Яҳуда халқы үмитин келешекке байлап, Қудайдың қүдирети менен душпанларын жер жүзинен жоқ қылыўға шын жүректен исенетуғын еди. Олар: «Қудайдың әдалат орнататуғын жеңис күнлерин үлкен салтанат пенен күтип аламыз», деп нийет қылып, сол дәўирди Жаратқан Ийениң күни деп атайтуғын еди. Сефания пайғамбар болса халықты ескертип, Жаратқан Ийениң күнинде Қудай бойсынбайтуғын бенделерди жазалайды, деп айтады. Қулақсыз Яҳуда халқы да, басқа халықлар қатары аўыр жаза алатуғынын Сефания алдын ала ескертеди. Деген менен, пайғамбар Қудайдың Өз халқына реҳимли екенин тастыйықлап өтеди. Халықтың ашшы тәғдири туўралы пайғамбаршылық қылған автор китапты үмитли сөзлер менен тамамлайды. Ерусалим келешекте ўайран болса да, ўақты келип, бул әзиз қала және тикленеди, ол жерди мөмин ҳәм ҳақ адамлар мәкан қылады, деп Сефания пайғамбар исеним менен тастыйықлап айтады.

---

**1** [1] Яҳуда патшасы Амон улы Иошия дәўиринде Хизкия әўладынан болған Кушийдиң улы, Гедалияның ақлығы, Амарияның шаўлығы Сефанияға Жаратқан Ийеден сөз түсти.

### Яҳуданың ҳүким етилиўи

2 «Жер жүзинен ҳәмме нәрсени
сыпырып таслайман,
– дейди Жаратқан Ийе, –
3 Адамларды, ҳайўанларды,
Аспандағы қусларды, теңиздеги
балықларды,
Азғыратуғын затларды
ҳәм жаўыз адамларды
сыпырып таслайман.
Жоқ етемен жер жүзинен
адамзатты,
– дейди Жаратқан Ийе. –

4 Мен Яхудаға ҳәм Ерусалим
турғынларына қарсы қол
көтеремен.
Баалға табыныўшылықтың
излерин,
Бут руўханийлеринин ҳәм
Өз руўханийлеримниң
атларын өширемен.
5 Тамға шығып, аспан денелерине
табынып турып,
Маған да сыйынатуғынларды,
Мениң алдымда ант ишип
турып,
Молох ҳақы да ант
ишетуғынларды жоқ
қыламан.
6 Олар Меннен жүз бурды,
изимнен жүрмеди,
Меннен жәрдем де, жол-жорық
та сораўды қәлемейди».

7 Қудай Ийениң алдында
үнсизлик сақлаң,
Өйткени Оның ҳүким күни
жақынласты.
Жаратқан Ийе қурбанлық асын
таярлап,
Мийманларын мирәт етти.
8 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Сол қурбанлық күни,
Ҳәмелдарларды, патша улларын,
Жат халықтың кийимлерин
кийгенлердиң ҳәммесин
жазалайман.
9 Босағадан атлап өтетуғынларды,
Зорлық ҳәм алдаў жолы менен,
Хожайынларының үйлерин
байлыққа толтырғанларды,
Сол күни жазалайман».

10 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Сол күни Ерусалимниң Балық
дәрўазасынан дад,
Қаланың таза бөлиминен
пәрияд,
Төбешиклерден күшли
ўайрангершилик даўысы
еситиледи.
11 Қаланың базар тәрепинде
жасайтуғынлар, пәрияд
шегиң.
Барлық саўдагерлериңиз жоқ
болады,
Алды-сатты қылатуғынлар
қырып тасланады.
12 Сол күни шыра менен
Ерусалимди аралап
излеймен,
„Жаратқан Ийениң қолынан
жақсылық та, жаманлық та
келмейди“, – деп,
Өзлеринше ойлағанларды,
Өмирден заўықланып, бийғам
жүргенлерди жазалайман.
13 Олардың байлығы талан-тараж
болып,
Үйлери ўайран етип бузылады.
Қурған үйлеринде жасамайды,
Тиккен жүзимзарларының
шарабынан ишпейди».

## Жаратқан Ийениң ҳүким күни

14 Жаратқан Ийениң уллы ҳүким
күни жақынласты,
Аз қалды, ол жүдә тез киятыр.
Қулақ салың! Жаратқан
Ийениң күни келди,
Жаўынгерлердиң даўысы
ашшы болады.
15 Сол күн Қудайдың ғәзеп күни!
Қайғы ҳәм азап күн,
Қыйраў ҳәм апат күн,
Тас түнек ҳәм қараңғы күн,
Бултлы ҳәм гүңгиртли күн
болады.

16 Сол күни саўаш кәрнайлары
шалынып, саўаш
даўыслары шығады,
Қорғанлы қалалар менен
минараларға қарсы
шабыўыл жасалады.
17 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Адамлардың басына апат
келтиремен,
Соқыр адамдай олар сүрнигеди,
Себеби олар Маған қарсы гүна
иследи.
Олардың қаны суўдай ағады,
Денелери жерде қый сыяқлы
шашылып жатады».

18 Жаратқан Ийениң ғәзеп күни,
Гүмис ҳәм алтынлары оларды
қутқара алмайды.
Жаратқан Ийениң қызғаныш
оты пүткил дүньяны
жандырып, жоқ қылады.
Жаратқан Ийе жер жүзинде
жасап атырғанлардың
ҳәммесин,
Қорқынышлы тәризде
қыйратады.

## Сефанияның халықты тәўбеге шақырыўы

2 1 Ҳәй, арсыз халық!
Өртелиў ушын жыйналған
сабан сыяқлы топланыңлар!
2 Қудайдың пәрманы орынланса,
Тәўбе қылыў мүмкиншилигиңиз
самал ушырған қаўықтай
жоқ болады.
Сонлықтан Жаратқан Ийениң
лаўлаған ғәзебине
ушырамасыңыздан алдын,
Жаратқан Ийениң ғәзеп
күни келмесинен алдын,
есиңизди жыйнап алың!
3 Ҳәй, Жаратқан Ийениң
нызамларына әмел
қылатуғынлар,
Елдеги барлық
кишипейиллилер,
Жаратқан Ийеге келиң.
Ҳақ ҳәм кишипейил болыўға
умтылың.
Сонда Жаратқан Ийениң
ғәзеп күнинде аман
сақланыўыңыз мүмкин.

## Яҳуданың дөгерегиндеги халықлардың ҳүким етилиўи

### *Филистлердиң ҳүким етилиўи*

4 Газа қаласы қаңырап, босап
қалады,
Ашкелон қаласы қарабақанаға
айланады,
Ашдод турғынлары түске дейин
қуўып шығарылады,
Экрон қаласы түп-тамыры
менен жоқ қылынады.
5 Криттен келип, теңиз бойында
жасап атырғанлар, ҳәсирет
шегесиз!
Ҳәй, филистлердиң жери Қанан,
Жаратқан Ийениң саған қарсы
ҳүкими мынадай:
«Мен сени бирде бир турғының
қалмағанша, қырып
таслайман».
6 Теңиз бойындағы елиңиз,
Қой-ешкилердиң
жайлаўларына,
Сүриўлердиң қораларына
айланады.
7 Яҳуда халқының аман
қалғанлары сол елге
ийелик қылады,
Ол жерде сүриўлерин отлатады,
Ашкелондағы үйлерде түнейди.

Өйткени Қудайы Жаратқан
Ийе оларға ғамхорлық
қылады,
Бурынғы абаданшылығына
еристиреди.

### *Моаб ҳәм аммонлардың ҳүким етилиўи*

8 «Мен моаблылардың кемситкен
мысқыллы сөзлерин,
Аммон халқының мазақ
сөзлерин еситтим.
Олар Мениң халқымды аяқ
асты қылып,
Халқымның жерине көз
алайттырғанын еситтим.
9 Сонлықтан, тирилигим ҳақы ант
ишемен,
– дейди Израилдың Қудайы,
Әлемниң Жаратқан
Ийеси, –
Моаб ели Содом, аммон
халқының ели Гомора
сыяқлы болып қалады.[a]
Сонда оларды жабайы шөплер
қаплап,
Дузлы шуқырларға толып
кетеди,
Мәңги қаңыраған елсиз далаға
айланады.
Халқымның аман қалғанлары
оларды тонайды,
Яҳудада аман қалғанлары
олардың жерлерин мүлик
етип алады».

10 Олардың менменликлери ушын,
Әлемниң Жаратқан Ийесиниң
халқын аяқ асты қылып,
Олардың жерине көз
алайттырғаны ушын,
Усы апатлар олардың басына
түседи.
11 Жаратқан Ийе оларға қарсы
айбат қылады,
Жер жүзиндеги барлық
қудайларды қуртады.
Теңиз жағаларындағы барлық
миллетлер,
Өз еллеринде Жаратқан Ийеге
сыйынады.

### *Хабашстанның ҳүким етилиўи*

12 «Ҳәй, хабашстанлылар,
Сизлер де Мениң қылышымнан
өлесиз», – дейди Жаратқан
Ийе.

### *Ассирияның ҳүким етилиўи*

13 Жаратқан Ийе арқа тәрепке
қарсы қол көтерип,
Ассирияны жоқ қылады.
Ниневия қаласын ўайран
қылады,
Оны суўсыз шөлге
айландырады.
14 Оның ортасы сүриўлердиң,
Ҳәр түрли жабайы
ҳайўанлардың жататуғын
орны болады.
Сүтинлердиң жоқарысында
узақша ҳәм байыўлылар
уйықлайды,
Айналардан олардың даўысы
шығады.
Қулатылған таслары
босағаларында үйилип
қалады,
Тек ғана кедр ағашлары
қалады.
15 Мине, тынышлық ишинде
жасаған мақтаншақ қала,

---

a **2:9** Жар 18:16–19:28.

«Маған теңлесе алатуғыны
жоқ», – деп өзинше айтқан
еди.
Ал енди болса, ол ўайран
болды,
Жабайы ҳайўанлардың
мәканына айланды.
Жанынан өткен-кеткенлер,
Көргенлерине қолларын
шошайтып, табалап кетеди.

## Ерусалимниң гүнасы

3 1 Ҳәсирет шегеди, бойсын-
байтуғын ҳәм ҳарамланған
қала,
Езиўшилерге толы қала!
2 Ол ҳеш қулақ салмады,
Өзине сабақ алмады,
Жаратқан Ийеден үмит етпеди,
Өз Қудайына бет бурмады.

3 Қала ҳүкимдарлары ақырған
арыслан яңлы,
Қазылар түнде гезип жүрген
аш қасқырлар сыяқлы,
Олар таңға дейин олжадан ҳеш
нәрсе қалдырмайды.
4 Пайғамбарлары тәкаббир ҳәм
бийопа,
Руўханийлери мухаддес
нәрсени ҳарамлайды,
Олар Қудайдың нызамын
бузады.
5 Бирақ әдил Жаратқан Ийе еле
сол қалада,
Ол наҳақлық қылмайды,
Ҳәр күни азанда әдалатлығын
жүзеге асырады,
Ҳәр таңда буны тоқтатпайды.
Деген менен, наҳақлар уят
дегенди билмейди.
6 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Мен халықларды жоқ еттим,
Қорғанларын қулаттым,
Көшелерин ўайран қылдым,
енди олардан ҳеш ким
жүрмейди,
Қалалары ўайран болып, босап
қалды,
Бирде бир адамзаты қалмады.
7 Халқым Меннен қорқар,
Буннан өзине сабақ алар, деп
ойладым.
Сондай қылғанда, мәканлаған
жерине тиймеген болар
едим,
Беретуғын жазама ушырамаған
болар еди.
Деген менен, олар ҳәр бир
исинде гүна ислеўге ҳәўес
еди».

## Халықлар Ийемизге жүз бурады

8 «Енди Мени күтиңлер,
– дейди Жаратқан Ийе, –
Халықларды тонайтуғын
күнимди күтиңлер.
Мен халықларды жыйнаўды,
Патшалықларды бир жерге
топлаўды шештим.
Олардың үстине ашыўымды,
Лаўлаған ғәзебимди шашаман.
Отлы қәҳәрим пүткил жер
жүзин жандырып таслайды.
9 Кейин Мен барлық
халықлардың аўызларын
пәклеймен,
Сонда олар Мениң атымды
айтып шақырып,
Биргеликте Маған хызмет
етеди.
10 Шашырап кеткен, Маған
сыйынатуғын халқым,
Хабашстандағы дәрьялардың
арғы жағынан,

Маған сыйлар алып келеди.
11 Ҳәй, Ерусалим, Маған қарсы шыққан қозғалаңларың ушын,
Сол күни уялып қалмайсаң,
Өйткени сендеги менмен ҳәм мақтаншақларды жоқ қыламан.
Мухаддес таўымда сен ҳеш қашан және көкирек көтермейсең.
12 Сендеги кишипейил ҳәм қарапайым адамларды қалдыраман,
Олар Жаратқан Ийе болған Мениң атымнан пана табады.
13 Израиллылардан аман қалғанлары наҳақлық қылмайды,
Жалған сөйлемейди,
Ҳеш кимди алдамайды,
Олар қойлардай тыныш отлайды, жатады,
Оларды қорқытатуғын ҳеш ким болмайды».

## Салтанатлы түрде шадланыў

14 Ҳәй, қыз Сион, шадланып бақыр!
Ҳәй, Израил, қуўанышлы түрде бақыр!
Шын жүректен шадланып, йош,
Ҳәй, қыз Ерусалим!
15 Жаратқан Ийе саған қарсы ҳүкимди алып таслады,
Душпанларыңды қуўып жиберди.
Израилдың Патшасы Жаратқан Ийе сениң ишиңде.
Енди қайтып апаттан қорқпайсаң.
16 Сол күни Ерусалимге мынадай сөзлер айтылады:
«Қорқпа, ҳәй, Сион, қолларың босаспасын.
17 Қудайың Жаратқан Ийе сениң ишиңде,
Ол қүдиретли қутқарыўшы.
Ол сизлерди деп қуўанып, шадланады,
Сүйиспеншилиги менен сизлерди жубатады,
Сен ушын бәлент даўыс пенен шадланады».

18 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Ҳәй, сүргин болып, байрамлардан бос қалғанлар,
Сизлер қапа болған едиңлер,
Енди Мен сизлерден апатты алып таслайман,
Буннан былай, масқара болмайсыз.
19 Мине, сизлерге зулым қылғанларды Өзим жазалайман,
Ақсағанларды қутқарып, тарап кеткенлерди жыйнап аламан.
Шерменде болған еллеринде,
Оларды абырай ҳәм ҳүрметке еристиремен.
20 Сол ўақытта Мен сизлерди жыйнап,
Елиңизге жетелеп, алып келемен.
Сизлерди және абаданшылыққа еристиремен,
Буны өз көзиңиз бенен көресиз,
Дүньядағы барлық халықлардың алдында,
Сизлерди ҳүрмет ҳәм абырайға еристиремен», – дейди Жаратқан Ийе.

# Хаггай пайғамбардың китабы

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Китап б. э. ш. 520-жылы Қудайдың Хаггай пайғамбар арқалы жиберген хабарларынан ибарат. Б. э. ш. 538-жылы Персия патшасы Кир шығарған пәрман бойынша, яҳудийлер Бабилоннан Ерусалимге қайтып, Ибадатхананы қайта қурыўға кириседи. Бирақ көп қарсылықлар себепли қайта қурыў ислери тоқтап қалады.

Б. э. ш. 520-жылға дейин яҳудийлердиң көбиси Бабилониядағы сүргиннен қайтып келеди. Бирақ адамлар Қудайдың үйине итибарсыз болып, тек ғана өз үйлерин қурыў ҳәм безеў менен әўере болады. Халықтың Қудайға болған бундай ҳүрметсизлиги ҳәм қулақсызлығы көп апатларға себеп болады: аспаннан шық түспейди, жер зүрәәт бермейди, үлкеде ашлық ҳүким сүреди, халық гедейлеседи ҳәм қылған мийнетлери нәтийжесиз болады.

Хаггай пайғамбар бийпәрўа болған Яҳуда халқын Ибадатхананы тиклеўге шақырады. Өйткени усы арқалы халық Қудайға өзиниң шын ҳүрметин ҳәм итибарын көрсете алатуғын еди. Халық Ибадатхананы қурыўды баслағаннан кейин, Қудай оларға берекет бериўди ҳәм елине абаданшылық сыйлаўды ўәде қылады.

---

### Жаратқан Ийениң Ибадатхананы қайтадан қурыўды буйырыўы

**1** [1] Патша Дарийдиң патшалығының екинши жылының алтыншы айының биринши күнинде Яҳуда ҳәкими Шеалтиелдиң улы Зеруббабелге ҳәм бас руўханий Иосадақ улы Ешуаға пайғамбар Хаггай арқалы Жаратқан Ийеден мынадай сөз түсти:
[2] «Әлемниң Жаратқан Ийеси былай дейди: Бул халық Жаратқан Ийениң Үйин қайтадан қуратуғын ўақыт еле келмеди, деп айтып атыр».
[3] Соннан кейин, Жаратқан Ийеден пайғамбар Хаггай арқалы және мынадай сөз түсти:
[4] «Бул Ибадатхана ўайран болып қулап атырған ўақытта, сизлерге ағашлар менен қапланған сулыў үйлерде жасайтуғын ўақыт па?
[5] Мине, енди Әлемниң Жаратқан Ийеси былай дейди: Өзлериңиздиң тутқан жолларыңыз ҳаққында

жақсылап ойланып, түсинип алыңлар! [6] Көп ектиңлер, бирақ аз орып алдыңлар. Сизлер аўқат ҳәм шарап ишип-жесеңиз де, тоймадыңлар. Кийим-кеншек кийсеңиз де, денеңиз жылымады. Ис ҳақыңызды алғаныңыз бенен, тесик шыжлан қалтаға салғандай болады.

[7] Әлемниң Жаратқан Ийеси былай деп айтып атыр: Өзлериңиздиң тутқан жолларыңыз ҳаққында жақсылап ойланып, түсинип алыңлар! [8] Таўларға шығып, ағаш алып келиңлер ҳәм Мениң Үйимди қайта қурыңлар. Усылай етип, Мениң кеўлим толып, атым уллылансын! – дейди Жаратқан Ийе. [9] – Мол зүрәәт алыўға үмит еткен единлер, бирақ аз жыйнадыңлар. Аўа, үйлериңизге не алып келсеңиз де, оларды көкке суўырдым. Не ушын? – дейди Әлемниң Жаратқан Ийеси. – Аўа, Мениң Үйим ўайран болып жатырған ўақытта, сизлер өз үйлериңизди салыўға жуўырғаныңыз ушын солай иследим. [10] Соның ушын да, аспан жаўылып, шық түспеди ҳәм жер өз зүрәәтин бермеди. [11] Елдеги таўларға ҳәм атызларға қурғақшылық жибердим. Буның кесири таза шарапқа, зәйтүн майына, жердиң жетистиретуғын барлық өнимлерине, адамларға ҳәм ҳайўанларға тийип, ислеген мийнетлериңиз босқа кетти».

## Халықтың буйрыққа қулақ асыўы

[12] Сонда Шеалтиел улы Зеруббабел, бас руўханий Иосадақ улы Ешуа ҳәм қалған халықтың барлығы Қудайы Жаратқан Ийе жиберген пайғамбар Хаггайдың сөзлерине қулақ салып, Жаратқан Ийеге бойсынды.

[13] Кейин Жаратқан Ийениң хабаршысы Хаггай Оның: «Мен сизлер менен биргемен», – деген сөзлерин халыққа жеткерди. [14] Солай етип, Жаратқан Ийе Яҳуда ҳәкими Шеалтиел улы Зеруббабелди, бас руўханий Иосадақ улы Ешуаны ҳәм қалған халықтың барлығын руўхландырып, усы иске жигерлендирди. Сонда олар келип, Қудайы болған Әлемниң Жаратқан Ийесиниң Үйиниң қайта қурыў жумысын баслап жиберди. [15] Бул патша Дарийдиң патшалығының екинши жылының алтыншы айының жигирма төртинши күни еди.

## Таза Ибадатхананың салтанаты

**2** [1] Сол жылдың жетинши айының, жигирма биринши күни Жаратқан Ийеден пайғамбар Хаггайға мынадай сөз түсти:

[2] – Яҳуда ҳәкими Шеалтиел улы Зеруббабелге, бас руўханий Иосадақ улы Ешуаға ҳәм қалған халыққа былай деп айт: [3] «Сизлердиң араңызда усы Ибадатхананың бурынғы салтанатын көрген адам бар ма? Ҳәзирги көриниси қандай? Бурынғыға салыстырғанда, ҳәзир ҳеш нәрсе еместей болып көринип турған жоқ па? [4] Енди сен, ҳәй, Зеруббабел, жигерлен! – дейди Жаратқан Ийе. – Ҳәй, бас руўханий Иосадақ улы Ешуа, жигерлен! Ҳәй, елдеги пүткил халық, жигерлениң! – дейди Жаратқан Ийе. – Жумысқа кирисиңлер! Себеби Мен сизлер менен биргемен, – дейди Әлемниң Жаратқан Ийеси. [5] – Мысыр

жеринен шыққаныңызда, сизлер
менен дүзген келисимим бойынша,
Мениң Руўхым сизлердиң араңыз-
да болады. Қорқпаңлар!
6 Әлемниң Жаратқан Ийеси бы-
лай дейди: Тез арада аспан ҳәм жер-
ди, теңиз ҳәм құрғақлықты және
силкиндиремен. 7 Барлық халық-
ларды титиретемен ҳәм олар баҳа-
лы буйымларын усы жерге алып
келеди, – дейди Әлемниң Жаратқан
Ийеси. – Мен усы Ибадатхананы
салтанатқа бөлеймен. 8 Гүмис те,
алтын да Меники, – дейди Әлемниң
Жаратқан Ийеси. 9 – Келешекте бул
Ибадатхананың салтанаты алдын-
ғысынан да уллы болады, – дейди
Әлемниң Жаратқан Ийеси. – Сол
жерге тынышлық беремен».

### Жаратқан Ийе берекет алып келеди

10 Дарийдиң патшалығының
екинши жылында, тоғызыншы
айдың, жигирма төртинши күни
Жаратқан Ийеден пайғамбар Хаг-
гайға мынадай сөз түсти:
11 – Әлемниң Жаратқан Ийеси
былай дейди: Руўханийлерге Ны-
замға байланыслы мына сораўды
бер: 12 «Егер араңыздағы бириңиз
құрбанлықтан алынған мухад-
дес гөшти кийиминиң етеги ме-
нен алып баратырған болса, оның
етеги нанға, сорпаға, шарапқа, зәй-
түн майына ямаса басқа бир аўқат-
қа тийип кетсе, сол аўқат мухаддес
бола ма?»
Хаггай усы сораўды бергенде, руў-
ханийлер:
– Яқ, – деп жуўап берди.
13 Хаггай сөзин даўам етип, бы-
лай деди:
– Өлиге бир жерин тийгизип, ҳа-
рам саналған бир адам усы аў-
қатлардың биреўине бир жерин
тийгизип алса, сол аўқат ҳарам са-
нала ма?
Руўханийлер:
– Аўа, ҳарам саналады – деп жу-
ўап берди.
14 Сонда Хаггай былай деди:
«Бул халық, усы миллет Мениң
көз алдымда да сондай, – дейди
Жаратқан Ийе. – Олардың ҳәр бир
ислеген ислери, құрбанлық орын-
да усынған ҳәр бир құрбанлықла-
ры да ҳарам.
15 Енди бүгинги күннен баслап
нелер болғанын ойланып көриң.
Жаратқан Ийениң Ибадатханасы-
ның тасын өрип басламасыңыздан
алдын нелер болғаны ҳаққында
жақсылап ойланып көриң. 16 Қыр-
манға жигирма өлшем дән аламан
деп барғаныңызда, оннан тек ғана
он өлшем дән шығатуғын еди. Ша-
рап сығатуғын искенжеден елиў гү-
зе шарап аламан деп барғаныңызда
болса, оннан тек ғана жигирма гүзе
шарап шығатуғын еди. 17 Өйткени
Мен сизлердиң қол мийнетиңизди
қуўрап қалыў, кеселлениў ҳәм бур-
шақ пенен жазаладым. Сонда да,
Маған қайтып келиўден бас тарт-
тыңлар, – дейди Жаратқан Ийе.
18 – Бүгин, тоғызыншы айдың жи-
гирма төртинши күнинен баслап,
Жаратқан Ийениң Ибадатхана-
сының тырнағын қайтадан салып
баслаған күннен баслап нелер бо-
лып атырғанына дыққат салып,
ойланып көриңлер. 19 Ғәллехана-
да бир туқым қалып па еди? Жү-
зим, әнжир, анар ҳәм зәйтүн ағашы
бүгинге дейин мийўесин берип пе

еди? Бирақ бүгиннен баслап, Мен
сизлерди жарылқайман».

### Жаратқан Ийениң Зеруббабелге берген ўәдеси

20 Сол айдың жигирма төртинши
күни Жаратқан Ийеден Хаггайға
екинши мәрте мынадай сөз түсти:
21 – Яҳуда ҳәкими Зеруббабелге
былай деп айт: «Мен аспан менен
жерди силкиндиремен. 22 Пат-
шалықларды қулатаман, жат ха-
лықлардың күшин жоқ қыламан.
Саўаш арбаларын олардың үстин-
дегилер менен қосып, аўдарып тас-
лайман. Атлар ҳәм шабандозлары
жығылады, олардың ҳәммеси бир-
бириниң қылышынан өледи.
23 Сол күни сени, – дейди Әлем-
ниң Жаратқан Ийеси, – Өз қолыма
аламан, ҳәй, Шеалтиел улы қулым
Зеруббабел, – дейди Жаратқан
Ийе. – Сени Өзимниң мөр жүзи-
гим сыяқлы қыламан, себеби Мен
сени таңладым, – дейди Әлемниң
Жаратқан Ийеси».

# Зехария пайғамбардың китабы

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Китап Зехария пайғамбардың пайғамбаршылықларынан ибарат. Б. э. ш. 538-жылы ол Бабилониядағы сүргин етилген яҳудийлер менен бирге Ерусалимге қайтады. Зехария Хаггай пайғамбардың заманласы ҳәм оннан кейин де көп жыллар даўамында хызмет еткен.

Сол дәўирде Яҳуда үлкеси Персия империясының қол астында еди. Яҳудаға қайтқан яҳудийлер Ибадатхананы қайта қурыўды баслаған еди. Деген менен, халық түскинликке түсип, қурылыс ислерин тоқтатады.

Китаптың биринши бөлиминде (1–8 баплар) Қудайдың Зехарияға сегиз аян бергени ҳаққында сөз етиледи. Зехария метафора сүўретлеўлерге бай болған аянлар арқалы халықты руўхландырады, Ибадатхананы ақырына дейин қурыўы ушын оларға жигер береди.

Китаптың екинши бөлиминде (9–14 баплар) Зехария келетуғын патша ҳәм Қудайдың халыққа беретуғын жарқын келешеги ҳаққында айтып, халыққа үмит бағышлайды. Китаптың бул бөлиминде аянлар узақ келешекке тийисли болып, басқа халықлардың Ерусалим ҳәм Яҳудаға ҳүжим қылатуғыны туўрысында хабар береди. Сол ўақыт келгенде, Яҳуда халқының көбиси өлтириледи, бирақ Қудай Өз халқының бир бөлегин қутқарып қалады. Сонда Яҳуда халқынан аман қалғанлары тәўбе қылып, Қудайға қайтады, Қудай оларды кеширеди. Сол заманда Ерусалим қаласы мәртебели болады. Қаладан өмир булағы ағып шығады. Пүткил жер жүзиндеги халықлар Қудайға сыйынады.

---

### Ийениң халқын Өзине қайтарыўы ушын шақырыўы

**1** [1] Дарийдиң патшалығының
екинши жылының сегизинши
айында, Иддоның ақлығы, Берехияның улы пайғамбар Зехарияға
Жаратқан Ийеден мына сөзлер түсти:
[2] – Мен, Жаратқан Ийе, ата-бабаларыңызға қатты ғәзепленген
едим. [3] Сонлықтан халыққа айт:
«Әлемниң Жаратқан Ийеси былай
дейди: Маған қайтың, Мен де сизлерге қайтаман. Буны Әлемниң
Жаратқан Ийеси айтады. [4] Ата-бабаларыңыз сыяқлы болмаң!

Алдынғы пайғамбарлар Әлемниң
Жаратқан Ийесиниң атынан олар-
ды ескертип: „Жаман жолларыңыз-
дан ҳәм жаўыз қылмысларыңыздан
қайтың“, – деген еди. Деген менен,
олар қулақ салмады, Маған итибар
да бермеди, – дейди Жаратқан Ийе.
5 – Қәне сол ата-бабаларыңыз? Пай-
ғамбарлар мәңги-бақый жасай ма?
6 Қулларым пайғамбарлар арқалы
буйырған сөзлерим ҳәм қағыйда-
ларым ата-бабаларыңыздың басы-
на түскен жоқ па? Сонда олар тәўбе
қылып: „Әлемниң Жаратқан Ийе-
си бизлердиң жүрген жолларымыз
бенен ислеген ислеримизге жараса
нени нийетлеген болса, соны исле-
ди“, – деди».

### Биринши аян: Атлар ҳәм атлылар

7 Дарийдиң патшалығының екин-
ши жылында, он биринши айдың,
яғный шебат айының жигирма
төртинши күни Иддоның ақлы-
ғы, Берехияның улы пайғамбар
Зехарияға Жаратқан Ийеден аян
арқалы сөз түсти.
8 Түнде мен жырада мирта пута-
лары арасында қызыл атқа минген
бир адамды көрдим. Оның артын-
да қызыл, қоңыр ҳәм ақ атлар бар
еди. 9 Сонда мениң менен сөйлесип
баслаған периштеден:
– Мырзам, булар не? – деп сора-
дым.
Ол:
– Булардың не екенин саған көр-
сетемен, – деп жуўап берди.
10 Сонда мирта путалары арасын-
дағы адам да:
– Жаратқан Ийе буларды дүньяны
гезип шықсын деп жиберди, – деди.
11 Сонда атлылар мирта путала-
ры арасындағы Жаратқан Ийениң
периштесин мақуллап:
– Дүньяны гезип шықтық, пүт-
кил дүнья тынышлық ҳәм аман-
лық ишинде! – деди.
12 Сонда Жаратқан Ийениң пе-
риштеси:
– Әлемниң Жаратқан Ийеси, жет-
пис жылдан берли Ерусалим ҳәм
Яҳуда қалаларына ғәзепленип кел-
диң. Енди қашанға дейин оларға Өз
реҳимиңди көрсетиўден бас тарта-
саң? – деди. 13 Жаратқан Ийе мениң
менен сөйлесип турған периште-
ге меҳрибан ҳәм жубатыўшы сөз-
лер менен жуўап берди. 14 Мениң
менен сөйлесип турған периште
маған мына хабарды жәриялаўды
буйырды:
«Әлемниң Жаратқан Ийеси бы-
лай дейди: Ерусалим ҳәм Сионды
қатты қызғанаман. 15 Ал бийғам
жасап атырған басқа миллетлерге
қатты ғәзеплендим. Өйткени Мен
халқыма азғантай ашыўланған ўақ-
тымда, олар халқыма қарсы жаўыз-
лық үстине жаўызлық ислеген еди.
16 Соның ушын, Жаратқан Ийе
былай дейди: Мен Ерусалимге мий-
рим-шәпәәтимди төгиў ушын қай-
таман, – дейди Әлемниң Жаратқан
Ийеси. – Үйим ол жерде қайта қу-
рылады ҳәм Ерусалимге өлшейту-
ғын жип тартылады».
17 Маған және мынаны да жәрия-
лаўды буйырды:
«Әлемниң Жаратқан Ийеси бы-
лай дейди: Мениң қалаларым-
да және молшылық болады. Мен,
Жаратқан Ийе Сионды және жу-
батаман, Ерусалим және Мениң
таңлаған қалам болады».

### Екинши аян: Төрт мүйиз ҳәм төрт темирши

18 Кейин мен нәзер таслағанымда,
төрт мүйизди көрдим. 19 Мениң ме-
нен сөйлескен периштеден:
– Булар не? – деп сорадым.
Ол маған:
– Булар Яҳуда, Израил ҳәм Еру-
салим халқын тарқатып жибер-
ген мүйизлер, – деп жуўап берди.
20 Соннан соң, Жаратқан Ийе
маған төрт темиршини көрсетти.
21 Мен:
– Булар не ислейин деп атыр? –
деп сорадым.
Периште:
– Мына мүйизлер Яҳуда халқын
бас көтере алмайтуғындай етип
тарқатып жиберген еди. Бул те-
миршилер Яҳуда халқын тарқатыў
ушын ҳүжим қылған миллетлерди
қорқытып, мүйизлерин қулатыў
ушын келди, – деп жуўап берди.

### Үшинши аян: Өлшеў жиби

2 1 Кейин мен және нәзер тас-
ладым ҳәм қолында өлшейту-
ғын жиби бар бир адамды көрдим.
2 Мен оннан:
– Қаяққа баратырсыз? – деп со-
радым.
Ол маған:
– Ерусалимди өлшеўге, ени ҳәм
узынлығы қанша шығатуғынын
көриўге баратырман, – деп жу-
ўап берди.
3 Кейин, мениң менен сөйлесип
атырған периште кетип баратыр
еди, басқа бир периште алдынан
шығып, 4 оған былай деди:
– Тез барып, сол адамға айт: «Еру-
салимде адам ҳәм маллар соншелли
көп болғанлықтан, дийўаллары-
ның ишине сыймай қалады. 5 Ме-
ниң Өзим оның дөгерегиндеги отлы
дийўалы, ишиндеги салтанаты бо-
ламан, – дейди Жаратқан Ийе».

### Сүргиндегилердиң өз елине шақырылыўы

6 «Қәнекей, арқа тәрептеги елден
қашыңлар, – дейди Жаратқан Ийе. –
Себеби сизлерди жердиң төрт тәре-
пине тарқатып жибердим, – дейди
Жаратқан Ийе. 7 – Бабилонияда
жасап атырған Сион халқы, қашып
қутылыңлар». 8 Әлемниң Жаратқан
Ийеси Өз даңқы ушын мени сизлер-
ди тонаған халықларға жиберди.
Ол былай дейди: «Сизлерге тий-
ген Мениң көзимниң қарашығына
тийген болады. 9 Мен оларға қар-
сы қолымды көтеремен. Өзлерине
қул еткен халықлар оларды тонай-
ды». Сонда сизлер мени Әлемниң
Жаратқан Ийеси жибергенин би-
лип аласызлар.
10 «Ҳәй, қыз Сион, қуўан ҳәм
шадланып бақыр! Мине, Мен
сизлердиң араңызда жасаў ушын
келемен, – дейди Жаратқан Ийе. 11 –
Сол күни көп миллетлер Жаратқан
Ийеге, яғный Маған қосылып, Ме-
ниң халқым болады. Шынында,
Мен сизлердиң араңызда жасай-
ман». Сол ўақытта мени Әлемниң
Жаратқан Ийеси сизлерге жибер-
генин билесиз. 12 Яҳуда мухаддес
жердеги Жаратқан Ийениң мүл-
ки болады, Ерусалимди және таң-
лап алады.
13 Ҳәй, пүткил адамзат, Жаратқан
Ийениң алдында үнсизлик сақлаң!
Ол Өзиниң мухаддес мәканынан
шығып киятыр!

### Төртинши аян: Бас руўханий

**3** [1] Кейин бас руўханий Ешуаның
Жаратқан Ийениң периштеси-
ниң алдында турғанын ҳәм оның оң
жағында оны айыплаў ушын шайтан-
ның турғанын көрдим. [2] Жаратқан
Ийе шайтанды кейип:
– Мен саған тыйым саламан, ҳәй,
шайтан! Ерусалимди таңлаған Мен
саған тыйым саламан! Бул адам от
ишинен суўырып алынған шала
жанған отын бөлеги емес пе? – деди.
[3] Периштениң алдында Ешуа па-
тас кийим кийип турған еди. [4] Пе-
риште сол жерде турғанларға:
– Үстиндеги патас кийимлерин
шешиң, – деди. Кейин Ешуаға:
– Тыңла, сениң айыпларыңды
алып тасладым. Саған таза, сал-
танатлы кийим кийдиремен, – деди.
[5] Сонда мен:
– Оның басына таза сәлле кийди-
рилсин, – дедим. Олар оның басына
таза сәлле, үстине кийим кийдир-
ди. Жаратқан Ийениң периштеси
де оның қасында турған еди.
[6] Кейин Жаратқан Ийениң периш-
теси Ешуаға ескертип былай деди:
[7] – Әлемниң Жаратқан Ийеси бы-
лай дейди: «Егер сен Мениң жолла-
рым менен жүрип, талапларымды
орынласаң, Мениң Үйимде бас-
шылық қылып, ҳәўлимди басқа-
расаң. Саған усы жерде турғанлар
менен бирге дәргайыма кирип-шы-
ғыў ҳуқықын беремен. [8] Тыңла, бас
руўханий Ешуа, сен ҳәм жанында
отырған руўханий туўысқанларың
менен бирге ҳәммеңиз келешекте
жүз беретуғын ўақыялардың ны-
шанысыз. Мен Шақа деген хыз-
меткеримди алып келемен. [9] Мине,
Ешуаның алдына бир тас қойдым.
Сол тасқа жети көз қарап турып-
ты. Мен тастың үстине ойып жа-
зыў жазаман, – дейди Әлемниң
Жаратқан Ийеси. – Бир күн ишинде
мына елдиң гүнасын алып таслай-
ман. [10] Сол күни, – дейди Әлем-
ниң Жаратқан Ийеси, – сизлер
қоңсы-қобаларыңызды өз жүзим
ағашларыңыздың ҳәм әнжир ағаш-
ларыңыздың астында отырыўға
мирәт етесиз».

### Бесинши аян: Алтын шыра қойғыш ҳәм зәйтүн ағашлары

**4** [1] Мениң менен сөйлескен пе-
риште қайтып келип, уйқыдан
оятқандай етип мени оятты. [2] Ол
меннен:
– Нени көрип турсаң? – деп со-
рады.
Мен былай деп жуўап бердим:
– Ҳәмме жери алтыннан соғылған
шыра қойғышты көрип турыппан,
оның жоқарысында зәйтүн майы-
на арналған бир тостаған турыпты.
Шыра қойғыштың жети шырасы
ҳәм олардың жети түтикшеси бар.
[3] Сондай-ақ, шыра қойғыштың қа-
сында еки зәйтүн ағашы бар. Би-
реўи тостағанның оң тәрепинде,
екиншиси сол тәрепинде турыпты.
[4] Мен өзим менен сөйлесип атыр-
ған периштеден:
– Булардың мәниси не, мырзам? –
деп сорадым.
[5] Ол:
– Булардың мәнисин билмейсең
бе? – деди.
Мен:
– Яқ, мырзам, – деп жуўап бердим.
[6] Соның ушын, ол маған мына-
ларды айтып берди:

– Жаратқан Ийе Зеруббабел[a]
ушын мына сөзлерди айтты: «Күш
ҳәм қүдирет пенен емес, ал Мениң
Руўхым менен табысқа ерисесең.
Бул Әлемниң Жаратқан Ийесиниң
сөзи. 7 Сен не болыпсаң, ҳәй, бәлент
таў? Зеруббабелдиң алдында сен
бир тегислик болып қаласаң! Ол
Ибадатхананың ақырғы тасын ор-
натқанда, халық: „Қандай гөззал,
қандай гөззал!“ – деп бақырысады».
8 Жаратқан Ийеден маған жә-
не төмендеги сөз түсти: 9 «Үйим-
ниң тийкарғы тасы Зеруббабелдиң
қоллары менен қойылды, қуры-
лысты да оның қоллары ақырына
жеткереди. Сол ўақытта, Әлемниң
Жаратқан Ийеси болған Мениң се-
ни жибергенимди билесең. 10 Қу-
рылыстың кишкене иси басланған
күнди ким менсинбейди? Адамлар
Зеруббабелдиң қолындағы жазы-
ўы бар қалайы тахтаны көргенде,
шадланады».

Сонда периште маған былай деди:
– Мына жети шыра пүткил жер
жүзине қарап туратуғын Жаратқан
Ийениң көзлери.
11 Мен периштеден мынаны со-
радым:
– Шыра қойғыштың оң ҳәм шеп
тәрепиндеги бул еки зәйтүн ағаш-
ларының мәниси не? 12 Алтындай
май ағып турған еки алтын түтик-
шениң қасындағы бул еки нәл не-
ни аңлатады?
13 Ол меннен:
– Булардың мәнисин билмейсең
бе? – деп сорады.

Мен:
– Яқ, мырзам, – деп жуўап бердим.
14 Периште:
– Булар пүткил дүньяның Ийе-
сине хызмет етиўши ҳәм зәйтүн
майы менен майланған еки адам[b]
болады, – деди.

### Алтыншы аян: Ушып баратырған орама китап

5 1 Мен және нәзер таслағанымда,
ушып баратырған орама китап-
ты көрдим. 2 Периште меннен:
– Нени көрип турсаң? – деп со-
рады.

Мен:
– Ушып баратырған орама китап-
ты көрип турыппан, оның узын-
лығы жигирма шығанақ, ени он
шығанақ, – деп жуўап бердим.
3 Сонда периште маған түсинди-
рип, былай деди:
– Бул китапқа пүткил жер жүзине
келетуғын нәлет жазылған. Урлық
қылғанлар орама китаптың бир тә-
репиндеги жазыў бойынша, жалған
ант ишкенлер екинши тәрепиндеги
жазыў бойынша елден жоқ қылы-
нады. 4 Әлемниң Жаратқан Ийеси:
«Нәлет жаўдыраман. Урының үйи-
не ҳәм Мениң атым менен жалған
ант ишетуғынлардың үйине нә-
лет жаўады. Нәлет сол үйде болып,
жайдың ағашлары менен тасларын
пүткиллей жоқ қылады», – дейди.

### Жетинши аян: Ыдыс ишиндеги ҳаял

5 Мениң менен сөйлескен периш-
те келип, маған былай деди:

---

a **4:6** *Зеруббабел* – Яҳуда ҳәкими. Эзр 5:1-2.
b **4:14** *Майланған еки адам* – бас руўханий Ешуа ҳәм Яҳуда ҳәкими Зеруббабел.

– Нәзер тасла, киятырған нәр-
сени көр.
6 Мен:
– Бул не? – деп сорадым.
Периште:
– Киятырған нәрсе өлшем ыды-
сы. Бул – елдеги пүткил халықтың
гүнасы, – деди.
7 Қорғасыннан соғылған қақпағы
ашылды, ыдыстың ишинде болса,
бир ҳаял отырған екен.
8 Периште:
– Бул ҳаял – жаўызлық, – деп,
ҳаялды ыдыстың ишине ийтерип
жиберди де, аўыр қақпағын жа-
ўып таслады.
9 Мен және нәзер таслап, еки ҳа-
ялдың ушып киятырғанын көрдим.
Олар ләйлектиң қанатларына уқ-
саған қанатларын самалда жайған
еди. Олар келип, сол ыдысты алды
да, аспанға көтерип алып кетти.
10 Мен өзим менен сөйлесип атыр-
ған периштеден:
– Ыдысты қаяққа алып баратыр? –
деп сорадым.
11 Ол маған:
– Оны Шынар[a] елине алып бара-
тыр. Ол жерде оған сыйынатуғын
үй қурып береди, үй тайын болған-
да, ыдысты сол жерде бир түбел-
дирикке қояды, – деп жуўап берди.

## Сегизинши аян: Төрт саўаш арбасы

6 1 Мен және нәзер таслағанымда,
еки қола таўдың арасынан шы-
ғып киятырған төрт саўаш арбасын
көрдим. 2 Биринши саўаш арба қы-
зыл атларға, екиншиси қара атларға,
3 үшиншиси ақ атларға, төртинши-
си ала-шубар атларға жегилген еди.
Бул атлардың ҳәммеси күшли еди.
4 Мен өзим менен сөйлесип турған
периштеден:
– Мырзам, булар не? – деп сора-
дым.
5 Периште былай деп жуўап бер-
ди:
– Булар көктеги төрт самал. Олар
пүткил дүньяның Ийесиниң дәрга-
йында болғаннан кейин, айланыўға
шығады. 6 Қара атларға жегилген
саўаш арбасы арқаға, ақ атларға
жегилген арба оның изинен бара-
ды, ал ала-шубар атларға жегилген
арба қублаға кетеди.
7 Сол күшли атлар жолға шығып,
жер жүзин айланып шығыўға асық-
ты. Периште оларға:
– Барыңлар, жер жүзин айланып
шығыңлар, – деди. Сонда олар ай-
ланып шығыўға кетти. 8 Кейин пе-
ришге маған даўыслап:
– Қара! Атлар арқадағы елге бар-
ды. Ол жерде Жаратқан Ийениң
еркин орынлады, Жаратқан Ийе
ғәзептен қайтты, – деди.

## Ешуаға берилген таж

9 Жаратқан Ийеден маған төмен-
деги сөз түсти:
10 – Бабилония сүргининен қай-
тып келген Хелдай, Тобия ҳәм
Едаядан саўғаларын алып, сол кү-
ни-ақ, Сефания улы Иошияның
үйине бар. 11 Берилген гүмис ҳәм
алтыннан таж соғып, оны Иоса-
дақ улы бас руўханий Ешуаның
басына кийгиз. 12 Оған былай деп
айт: «Әлемниң Жаратқан Ийеси
былай дейди: Мине, Шақа деген

---

a **5:11** *Шынар* – бул ески Бабилонияның аты. Жар 11:2 қараң.

адам! Ол турған жеринен шақа-
лап, Мениң Ибадатханамды қу-
рады. 13 Аўа, Жаратқан Ийениң,
яғный Мениң Ибадатханамды қу-
ратуғын ол болады. Ол уллылыққа
бөленеди, тахтында отырып, ҳү-
кимдарлық қылады. Руўханий де
өз тахтында отырады, екеўиниң
арасында бирлик орнайды». 14 Бул
таж Хелем[a], Тобия, Едая ҳәм Сефа-
ния улы Хенниң[b] ғамхорлығына
тапсырылып, Жаратқан Ийениң,
яғный Мениң Ибадатханамда ес-
телик болып қалады.

15 Узақта жасайтуғынлар келип,
Жаратқан Ийениң Ибадатханасы-
ның қурылысына қатнасады. Со-
лай етип, мени сизлерге Әлемниң
Жаратқан Ийесиниң жибергенин
билип аласыз. Егер Қудайыңыз
Жаратқан Ийениң сөзлерин бул-
жытпай орынласаңыз, усылардың
ҳәммеси орынланады.

### Оразадан гөре әдиллик ҳәм сүйиспеншилик абзал

7 1 Дарийдиң патшалығының төр-
тинши жылының тоғызыншы
айы болған кислеў айының төртин-
ши күни Жаратқан Ийеден Зехария-
ға сөз түсти.

2 Бейт-Элдиң турғынлары Саре-
серди, Регем-Мелехти ҳәм оның
адамларын Жаратқан Ийеден мий-
римин сораў ушын, Ерусалимге жи-
берип, былай деген еди: 3 «Барып,
Әлемниң Жаратқан Ийесиниң Үйин-
деги руўханийлер ҳәм пайғамбарлар-
дан: „Бизлер көп жыллардан берли
бесинши айда Ибадатхананың
ўайран қылынғанын еске түси-
рип, қайғырып, ораза тутып кия-
тырмыз. Усындай қылыўды даўам
ете берейик пе?“ – деп сораңлар».

4 Сонда маған Әлемниң Жаратқан
Ийесинен сөз түсти:

5 – Елдиң барлық халқына ҳәм
руўханийлерине айт: «Жетпис
жыл даўамында сизлер бесинши
ҳәм жетинши айларда ораза тутып,
қайғырдыңыз. Бирақ шынында да
усыны Мен ушын ислеген бе еди-
ңиз? 6 Ишип-жегениңиз сыяқлы, өз
пайдаңыз ушын ораза тутпадыңыз
ба? 7 Ерусалим ҳәм оның әтира-
пындағы аўыллар гүллеп жайна-
ғанда, Негеб ҳәм батыстағы таў
етеклери адамларға толы ўақыт-
та, Жаратқан Ийе болған Мен бир
неше жыл алдын пайғамбарлар
арқалы усы сөзлеримди айтқан
жоқпан ба?»

8 Жаратқан Ийеден Зехарияға
және сөз түсти:

9 «Әлемниң Жаратқан Ийеси
болған Мен былай деген едим:
„Әдил ҳүким шығарыңлар. Бир-
бириңизге мийирман ҳәм реҳим-
ли болыңлар. 10 Жетим-жесирлерге,
келгиндилерге ҳәм кәмбағалларға
зулымлық қылмаңлар. Бир-бири-
ңизге жаўызлық қылыўды ойла-
маңлар“. 11 Бирақ халқым қулақ
салыўдан бас тартты. Өжетлик
етип, еситпеў ушын қулақларын
жаўып алды. 12 Әлемниң Жаратқан
Ийеси болған Мен Руўхым ме-
нен алдынғы пайғамбарлар ар-
қалы сөйледим. Бирақ халқым
жүреклерин тас қылып, нызам ҳәм

---

a **6:14** *Хелем* – бул Хелдай.
b **6:14** *Хен* – Иошия болыўы мүмкин.

сөзлериме қулақ салмады. Соның
ушын, Мен оларға қатты ғәзеп-
лендим.
13 Мен шақырғанда, олар қулақ
салмады, олар шақырғанда, Мен де
оларға қулақ салмайман, – дейди
Әлемниң Жаратқан Ийеси. 14 – Мен
оларды өзлери танымайтуғын ха-
лықлардың арасына шашып тасла-
дым. Олардың ели адамсыз қалды,
ол жерге ҳеш ким кирип-шықпай-
туғын болды. Әжайып ел қула дүз-
ге айланды».

## Жаратқан Ийениң Ерусалимди қайта қурыўға ўәде етиўи

8 1 Әлемниң Жаратқан Ийесинен
маған және сөз түсти:
2 «Әлемниң Жаратқан Ийеси бы-
лай дейди: Мен Сионды қатты қыз-
ғанаман. Оған болған қызғанышым
ишимди жандырады.
3 Жаратқан Ийе былай дейди:
Сионға қайтып келемен, Ерусалим
Мениң мәканым болады. Сонда
Ерусалим „Садық қала“, Әлемниң
Жаратқан Ийесиниң таўы „Мухад-
дес таў“ деп аталады.
4 Әлемниң Жаратқан Ийеси бы-
лай дейди: Қолларына ҳаса услаған
кемпир-ғаррылар және Ерусалим
майданларында отырады. 5 Қала-
ның көшелери ойнап жүрген бала
ҳәм қызларға толады.
6 Әлемниң Жаратқан Ийеси былай
дейди: Аман қалған халқымның кө-
зине усы күнлер мүмкин емес болып
көрингени менен, Мениң көзиме
ондай болып көринбейди, – дейди
Әлемниң Жаратқан Ийеси.
7 Әлемниң Жаратқан Ийеси бы-
лай дейди: Халқымды күншығыс
ҳәм батыстағы еллерден қутқарып
аламан. 8 Ерусалимде жасаўы ушын
оларды қайтарып алып келемен.
Олар Мениң халқым, Мен олардың
садық ҳәм әдил Қудайы боламан.
9 Әлемниң Жаратқан Ийеси бы-
лай дейди: Күшли болыңлар! Ме-
ниң Үйим қайта қурылыўы ушын
тийкары салынған күнлери пайғам-
барлардың айтқан сөзлерин еситип
атырсыз. 10 Сол ўақытқа дейин мий-
нети ушын адамларға ис ҳақы, ҳай-
ўанларға жем берилмейтуғын еди.
Душпанлар себепли ҳеш ким ты-
нышлық ишинде кирип шыға алмай-
туғын еди. Мен ҳәммени бир-бирине
қарсы қойған едим. 11 Бирақ хал-
қымның аман қалғанларына бурын-
ғыдай ислемеймен, – дейди Әлемниң
Жаратқан Ийеси. 12 – Енди туқым
тынышлық ишинде себилип, жү-
зимзар өз мийўесин береди, топы-
рақ өнимли болып, аспан өз шығын
түсирип турады. Булардың барлы-
ғын аман қалған халықтың ийе-
лигине беремен. 13 Ҳәй, Яҳуда ҳәм
Израил халқы, Мен сизлерди қут-
қараман! Миллетлер атыңызды ғар-
ғыста қолланатуғын еди, енди оны
пәтия бергенде қолланатуғын бола-
ды. Қорқпаңлар, күшли болыңлар!
14 Әлемниң Жаратқан Ийеси бы-
лай дейди: Ата-бабаларыңыз ғә-
зебиме тийгенде, сизлерге апат
жибериўди шештим ҳәм аямадым, –
буны Әлемниң Жаратқан Ийеси ай-
тады. 15 – Енди болса, Ерусалимге
ҳәм Яҳуда халқына және жақсылық
қылыўды шештим. Қорқпаңлар!
16 Сизлер ислеўиңиз керек болған
нәрселер мыналар: бир-бириңиз-
ге ҳақыйқатты сөйлеңлер. Ҳүким
шығарғаныңызда, әдалатлықты

ҳәм әдилликти сақлаң. [17] Жүреги-
ңизде бир-бириңизге қарсы жаўыз-
лық жобаластырмаң, жалғаннан
ант ишпең. Себеби Мен булардың
барлығынан жеркенемен, – дейди
Жаратқан Ийе».

[18] Әлемниң Жаратқан Ийесинен
маған және төмендеги сөз түсти:

[19] «Әлемниң Жаратқан Ийеси бы-
лай дейди: Төртинши, бесинши, же-
тинши ҳәм оныншы айлардағы ораза
Яҳуда халқы ушын қуўанышлы ҳәм
шадлыққа толы бахытлы байрам-
ларға айланады. Сонлықтан әда-
латлықты ҳәм тынышлықты сүйиң.

[20] Әлемниң Жаратқан Ийеси
былай дейди: Еле халықлар ҳәм
көп қалаларда жасайтуғын адам-
лар Ерусалимге келеди. [21] Бир қа-
ланың турғынлары басқа қалаға
барып: „Әлемниң Жаратқан Ийеси-
нен реҳим сорап, Оның жүзин из-
леў ушын барайық. Мен де сизлер
менен бараман“, – дейди. [22] Әлем-
ниң Жаратқан Ийеси болған Мени
излеп, Меннен реҳим сораў ушын
көп миллетлер ҳәм күшли халық-
лар Ерусалимге келеди.

[23] Әлемниң Жаратқан Ийеси бы-
лай дейди: Сол күнлерде ҳәр түрли
тилде сөйлейтуғын миллетлерден
он адам бир яҳудийдиң етегине
асылып: „Рухсат бер, сениң менен
бирге барайық. Себеби Қудайдың
сениң менен бирге екенин есит-
тик“, – деп айтады».

## Израилдың душпанларының жазаланыўы

**9** [1] Пайғамбаршылық сөз.
Жаратқан Ийениң сөзи Хад-
рах журтына, әсиресе Дамаск қа-
ласына қаратылған:

Инсанлардың ҳәм Израил
урыўларының көзи
Жаратқан Ийеде.
[2] Бул сөз Хадрах пенен шегаралас
Хаматқа,
Уқыплыларға толы болса да,
Тир ҳәм Сидон қалаларына
да қаратылады.
[3] Тир өзине бир қорған қурды,
Гүмисти топырақтай етип,
Алтынды даладағы қумдай
етип үйди.
[4] Деген менен, Ийе оның мал-
дүньясын алып қояды,
Байлығын теңизге
ылақтырады,
Қаланы болса, от жалмайды.
[5] Ашкелон буны көрип, зәрреси
ушады,
Газа да қорқынышқа түсип,
қалтырайды,
Усы аўҳалға түскен Экрон
үмити сөнеди.
Газа өз патшасынан
айырылады,
Ашкелон қаңырап босап
қалады.
[6] Жаратқан Ийе былай дейди:
«Ашдодта қаны аралас халық
жасайды,
Филист халқының
тәкаббирлигине шек
қояман.
[7] Мен олардың аўызларынан
қанлы гөшти,
Тислериниң арасынан
ҳарам аўқатларды алып
таслайман.
Аман қалғанлары болса,
Қудайға, Маған тийисли
болады,
Яҳуда урыўының бир бөлегине
айланады.

Экрон қаласы ебус халқы
сыяқлы Меники болады.
8 Үйимниң дөгерегине орда
қураман,
Басқыншылардан қорғайман.
Мениң Өзим оны бақлап
турғаным ушын,
Ҳеш ким халқымның жерине
қарсы жүре алмайды».

### Ўәде етилген патша

9 «Ҳәй, қыз Сион, қатты шадлан!
Ҳәй, қыз Ерусалим, бәлент
даўыста шадлан!
Мине, патшаң саған киятыр!
Ол әдил, жеңимпаз ҳәм
кишипейил.
Ешекке, жас ешекке,
Гүррege минип саған киятыр!
10 Эфрайымнан[a] саўаш арбаларын,
Ерусалимнен атларды алып
таслайман.
Саўаш садақлары жоқ
қылынады,
Патшаңыз халықларға
тынышлық жәриялайды,
Оның ҳүкимдарлығы теңизден
теңизге,
Евфрат дәрьясынан дүньяның
шетине дейин созылады».

### Тутқынларды азат етиў ўәдеси

11 «Сион, сизлерге келсек,
қурбанлық қаны менен
бекиткен келисимим[b]
себепли,
Тутқындағы халқыңызды
суўсыз қудық ишинен азат
етемен.
12 Ҳәй, үмит еткен тутқынлар,
Қорғаныңызға қайтың.
Бүгин Мен сизлерге айтаман,
Жойтқанларыңызды еки есе
етип қайтараман.
13 Яҳуданы садағым сыяқлы,
Эфрайымды оқ сыяқлы
қолланаман.
Ҳәй, Сион, сени қылыштай
етип қолланаман,
Яўан халқына қарсы
қозғайман».

### Жаратқан Ийениң Өз халқын қорғаўы

14 Сонда Жаратқан Ийе Өз
халқының үстинде пайда
болады,
Оның оғы шақмақтай шағады.
Қудай Ийе кәрнай шалады,
Қубла даўыллары менен ҳүжим
қылады.
15 Әлемниң Жаратқан Ийеси Өз
халқын қорғайды,
Халық өз душпанларын жоқ
қылады,
Сақпан таслары менен жеңиске
ериседи.
Олар шарап ишкен
мәскүнемлердей бақырады,
Олар қурбанлық қанын
серпиўге арналған табақтай,
Қурбанлық орынның төрт
мүйешиндей қанға толы
болады.

16 Сол күни олардың Қудайы
Жаратқан Ийе,
Шопан өз сүриўин сақлағандай
етип, оларды қорғайды.

---

a **9:10** *Эфрайым* – арқа патшалық Израил нәзерде тутылған.
b **9:11** Шығ 24:1-8.

Онында елинде олар таж
гәўҳарындай жарқырайды.
17 Бул қандай әжайып ҳәм гөззал
болады!
Жас жигит ҳәм қызлар,
Дән менен шараптың
молшылығынан гүллеп
жаснайды.

### Яҳуда ҳәм Израилдың жақты келешеги

10 1 Ерте бәҳәрде Жаратқан
Ийеден жаўын тилең,
Жаўын бултларын жиберетуғын,
Адамларға жаўын жаўдыратуғын,
Далаларда өсимлик өсиретуғын
Жаратқан Ийе болады.
2 Кийели мүсинлердиң
сөйлейтуғыны өтирик,
Палкерлердиң ашқан палы
жалған,
Олар көрмеген түслерин
жалғаннан тоқыйды,
Пайдасы жоқ жубаныш
сөзлерин айтады.
Соның ушын, бул халық
сүриўдей гезип жүр,
Шопансыз болғаны ушын азап
шегип атыр.

3 Жаратқан Ийе былай дейди:
«Ғәзебим шопанларға қарсы
лаўлады,
Жолбасшыларды жазалайман.
Әлемниң Жаратқан Ийеси
болған Мен Өз сүриўиме,
Яҳуда халқына ғамхорлық
қыламан.
Оларды әжайып саўаш аты
сыяқлы қыламан.
4 Күшли мүйеш тасы, шатырдың
қазығы ҳәм саўаш
қуралындай,
Барлық басшылар Яҳудадан
шығады.
5 Олар саўашта көшедеги
батпақты басқылаған
жаўынгерлердей болады,
Жаратқан Ийе, Мен олар
менен бирге болғаным
ушын,
Олар урысқа шығып,
Душпанының атлыларын
шерменде қылады.

6 Яҳуда халқын күшейтемен,
Юсуп әўладын қутқараман,
Оларға реҳим қыламан,
Сүргиннен қайтарып алып
келемен.
Мен олардан ҳеш қашан жүз
бурмағанымдай болады,
Себеби Мен олардың Қудайы
Жаратқан Ийемен,
Оларға қулақ саламан.
7 Эфрайым халқы батыр
жаўынгерлердей болады,
Шарап ишип алғандай,
жүреклери йошады.
Балалары буны көрип,
шадланады,
Жүреклери Жаратқан Ийеде
шадланады.

8 Шопандай шақырып, оларды
жыйнайман,
Мен оларды азат қыламан.
Бурынғыдай, олар және
көбейеди.
9 Оларды халықлардың арасына
тарқатып жиберсем де,
Узақ жерлерде Мени еслейди,
Балалары менен бирге аман
қалып, қайтып келеди.
10 Оларды Мысырдан қайтарып
алып шығаман,

Ассирия жеринен жыйнап
аламан.
Олар көбейгенликтен, өз
елиндеги жерлерге
сыймайды,
Соның ушын, оларды Гиладқа
ҳәм Лебанонға алып
келемен.
11 Халқым апат теңизинен өтеди,
Олар теңиздиң толқынларын
тынышландырады,
Нил дәрьясының түби қурып
қалады.
Ассирияның тәкаббирлиги
басылады,
Мысыр патшалық ҳасасынан
айырылады.
12 Халқымды Өз күшим менен
қудиретли қыламан,
Олар Мениң атым менен
жүреди».
Булар Жаратқан Ийениң сөзи.

## Израилдың душпанларының апаты

11 1 Ҳәй, Лебанон, дәрўазала-
рыңды аш,
От кедр ағашларыңды жағып
жоқ қылсын!
2 Ҳәй, сәрўи ағашы, дад сал!
Кедр ағашы қулады,
Уллы тереклер жоқ болды!
Ҳәй, Башандағы емен
ағашлары, дад салың,
Қалың тоғайлар кесилди!
3 Қулақ сал, шопанлардың шеккен
пәриядына,
Олардың әжайып жайлаўлары
жоқ болды!
Қулақ сал, арысланлардың
ақырған даўысына,
Иордан бойындағы қалың
тоғай жоқ болды!

## Еки шопан

4 Қудайым Жаратқан Ийе бы-
лай деди:
– Сойылыўға арналған сүриўге
шопанлық қыл. 5 Сүриўди сатып
алғанлар, оларды сойса да, өкин-
бей жүрипти. Қойларды сатқанлар
болса: «Жаратқан Ийеге алғыслар
болсын, байып кеттим!» – дейди.
Шопанлар өз сүриўлерине жаны
ашымайды. 6 Мен енди елде жа-
сап атырған халыққа артық рехим
қылмайман, – дейди Жаратқан
Ийе. – Мен олардың ҳәр бирин өз
қоңсы халқына ҳәм патшасының
қолына тапсыраман. Олар елди
езеди, Мен де халықты олардың
қолынан қутқармайман.
7 Солай етип, сойылыўға арнал-
ған сүриўге, олардың езилгенле-
рине шопанлық қылдым. Қолыма
еки таяқ алдым, биреўин «Ырза-
шылық», екиншисин «Бирлик» деп
атап, сүриўди бақтым. 8 Бир айдың
ишинде үш шопанды қуўып жибер-
дим. Мениң сүриўге болған сабыр-
тақатым таўысылды, олар да мени
жек көрди. 9 Сонда мен сүриўге:
– Артық сизлерди бақпайман.
Өлетуғыны өлсин, набыт болатуғы-
ны набыт болсын, аман қалғанлары
бир-бириниң етин жесин, – дедим.
10 Кейин «Ырзашылық» деген
таяғымды алып, оны сындыр-
дым. Усылай қылып, Жаратқан
Ийениң барлық халықлар менен
дүзген келисимин бузғанын көр-
сеттим. 11 Солай етип, келисим сол
күни бузылды. Мени гүзетип тур-
ған сүриўдиң езилгенлери бул ис-
тиң Жаратқан Ийениң жиберген
хабары екенин түсинди.

12 Мен оларға:
– Егер мақул деп тапсаңыз, ме-
ниң ис ҳақымды бериң, болмаса
бермей-ақ қойың, – дедим. Сонда
олар маған отыз шекел[a] гүмисти ис
ҳақым ушын өлшеп берди.
13 Жаратқан Ийе маған:
– Буны гүлалшының алдына тасла, –
деди. Солай етип, өзлери жоқары деп
баҳалаған отыз шекел гүмисти алып,
Жаратқан Ийениң Үйиндеги гүлал-
шының алдына тасладым.
14 Кейин «Бирлик», деп аталған
екинши таяғымды сындырдым.
Усылай етип, Яҳуда менен Израил
арасындағы туўысқанлық бирлик-
ти буздым.
15 Жаратқан Ийе маған жәнe бы-
лай деди:
– Бар, жәнe бир мәрте шопанлық
қыл, надан шопандай ҳәрекет ет.
16 Елге сондай бир шопан жибере-
мен, ол набыт болып атырғанларға
қарамайды, жойтылғанларды изле-
мейди, жарақатланғанларға шыпа
бермейди, саўларын азықландыр-
майды. Ал семиз қойлардың гөшин
жеп, туяқларын жулып таслайды.

17 «Ҳәсирет шегесең, сүриўди тәрк
ететуғын надан шопан!
Қылыш келсин қолыңа ҳәм оң
көзиңе,
Пүткиллей қурып қалсын қолың,
Пүткиллей соқыр болсын оң
көзиң!»

## Ерусалимниң жеңиси

**12** 1 Пайғамбаршылық сөз.
Бул Жаратқан Ийениң Из-
раил ҳаққында айтқан сөзлери:
«Көклерди жайып, жер жүзиниң
негизин қурған ҳәм инсанға өмир
демин берген Жаратқан Ийе былай
дейди: 2 Ерусалимди дөгерегинде-
ги халықларды теңселдиретуғын
шарап кесеси қыламан. Ерусалим
сыяқлы Яҳуда да қамал ишинде қа-
лады. 3 Сол күни Мен Ерусалимди
басқа халықлар ушын аўыр тастай
қыламан, оны көтериўге ҳәрекет
еткенлер өзлерин майырып қояды.
Жер жүзиндеги барлық халықлар
Ерусалимге қарсы биригеди. 4 Сол
күни, – дейди Жаратқан Ийе, – ҳәр
бир атты қорқыныштан сасқала-
қлатып, атқа мингенлерди ес-ақы-
лынан айыраман. Яҳуда халқына
нәзеримди салып, басқа халық-
лардың барлық атларын соқыр қы-
лып таслайман. 5 Сонда Яҳуданың
бийлери ишинен: „Қудайы болған
Әлемниң Жаратқан Ийесине үмит
байлаған Ерусалим халқы күш-қү-
дирет булағымыз“, – деп ойлайды.
6 Сол күни Яҳуданың бийлерин
отынлардың ортасында жанып
турған бир шоқ сыяқлы, дән баў-
ларының арасында жанып турған
бир шомдай қыламан. Ол оң ҳәм
солдағы, дөгеректеги барлық ха-
лықларды жандырып жоқ қыла-
ды. Ерусалим болса, саў-саламат
өз жеринде турады.
7 Даўыт әўладының ҳәм Еруса-
лим турғынларының даңқы Яҳуда-
дан асып кетпеўи ушын, Жаратқан
Ийе болған Мен Яҳуда ордасына
алды менен жеңис беремен. 8 Мен,
Жаратқан Ийе сол күни Ерусалим
турғынларын қорғайман. Солай
етип, араңыздағы ең ҳәлсиз адам

a **11:12** *Отыз шекел* – бир шекел шама менен 11 гр.

Даўыттай күшли, Даўыт әўлады
болса Қудай сыяқлы, өзлерине бас-
шылық еткен Жаратқан Ийениң
периштесиндей болады. 9 Сол кү-
ни Ерусалимге қарсы ҳүжим қыл-
ған барлық халықларды жоқ етиўге
кирисемен.

10 Даўыттың әўлады менен Еру-
салим турғынларына мийрим ҳәм
дуўа етиў руўхын жиберемен. Олар
Маған, яғный өзлери денесин тес-
кенге қарайды. Олар жалғыз улы
ушын аза тутқандай, азалайды,
туңғыш улы ушын зар жылағандай,
жылайды. 11 Сол күни Ерусалим-
деги аза Мегиддо ойпатлығындағы
Ҳадад-Риммонда болған аза сыяқ-
лы жүдә үлкен болады. 12 Пүткил
ел азалайды. Ҳәр бир әўлад өз ал-
дына аза тутады: Даўыт әўлады
өз алдына, олардың ҳаяллары өз
алдына, Натан әўлады өз алдына,
олардың ҳаяллары өз алдына, 13 Ле-
бий әўлады өз алдына, олардың ҳа-
яллары өз алдына, Шимей әўлады
өз алдына ҳәм олардың ҳаяллары
өз алдына аза тутады. 14 Қалған
барлық әўладлар да өз алдына аза
тутады. Олардың ҳаяллары да өз
алдына аза тутады».

### Гүнадан тазаланыў

13 1 «Сол күни Даўыт әўладын
ҳәм Ерусалим турғынларын
гүнадан ҳәм ҳарамылықтан тазалаў
ушын ағып турған бир булақ бо-
лады. 2 Сол күни елден бутлардың
атларын өширемен, артық олар ес-
ке алынбайды, – дейди Әлемниң
Жаратқан Ийеси, – жалған пайғам-
барларды да, напәк руўхты да жоқ
қыламан. 3 Егер және биреў пай-
ғамбаршылық қылатуғын болса,
оның өз туўған ата-анасы: „Сен
өлесең, себеби Жаратқан Ийениң
аты менен жалған сөйлеп турсаң“, –
дейди. Ал ол пайғамбаршылық ет-
кен жағдайда, оның өз ата-анасы
оның денесин түйреп, өлтиреди.

4 Сол күни ҳәр бир жалған пай-
ғамбар аян көрип, пайғамбаршы-
лық етиўге уялатуғын болады.
Пайғамбардың жүнли кийимин
киймейди ҳәм адамларды қай-
тып алдамайды. 5 Оның орнына
ол: „Мен пайғамбар емеспен, дий-
ханман. Жаслығымнан берли бир
адамның қолында атызға қарай-
ман“, – дейди. 6 Биреў оннан: „Де-
неңдеги жаралар қай жерден пайда
болды?“ – деп сорағанда, ол: „Бу-
лар досларымның үйинде арттыр-
ған жаралар“, – деп жуўап береди».

### Шопанның өлтирилиўи, сүриўдиң тарқап кетиўи

7 «Оян, ҳәй қылыш!
Мениң шопаныма, Мениң
жақыныма қарсы шық,
– дейди Әлемниң Жаратқан
Ийеси, –
Шопанды шаўып тасла,
Қойлар тарқалып кетсин.
Мен қозыларға қарсы қол
көтеремен.
8 Пүткил елде халықтың үштен
екиси қырылып, жоқ
болады,
– дейди Әлемниң Жаратқан
Ийеси, –
Үштен бири аман қалады.
9 Аман қалған үштен бирин оттан
өткеремен,
Оларды гүмистей еритип,
тазалайман,
Алтынды сынағандай, сынайман.

Олар Мениң атымды айтып
шақырады,
Мен де оларға жуўап беремен,
„Булар Мениң халқым“, –
деймен,
Олар да Мени: „Жаратқан Ийе –
бизлердиң Қудайымыз“, –
дейди».

### Саўаш ҳәм жеңис

**14** 1 Мине, Жаратқан Ийениң
ҳүким күни киятыр! Ҳәй,
Ерусалим халқы, көз алдыңызда
мал-мүлкиңиз талан-тараж болады.
2 Ерусалимге қарсы саўаш ашы-
ўы ушын барлық халықларды бир
жерге топлайман. Қала басып алы-
нып, жаўлар үйлерди тонайды,
ҳаяллардың намысын аяқ асты
қылады. Қалада жасайтуғынлар-
дың жартысы сүргинге әкетиледи,
қалғанлары болса, қалада қалды-
рылады.
3 Кейин Жаратқан Ийе бурын са-
ўаш ўақтында ислегениндей, сол
халықларға қарсы урысады. 4 Сол
күни Оның аяқлары Ерусалим қа-
ласының шығысындағы Зәйтүн
таўының үстинде турады. Зәйтүн
таўы екиге бөлинеди. Таўдың ор-
тасында шығыстан батысқа қарап
кеткен кең бир ойпатлық пайда
болады. Сонда таўдың бир тәрепи
арқаға, екинши тәрепи болса, қуб-
лаға жылысады. 5 Сизлер бөлин-
ген таўдың ортасындағы ойпатлық
арқалы қашасыз. Бул ойпатлық
Аселге дейин созылады. Яҳуда пат-
шасы Уззия дәўиринде болған жер
силкиниў ўақтында қалай қашқан
болсаңыз, солай қашасыз. Сонда
Қудайым Жаратқан Ийе барлық
periштелер менен бирге келеди!
6 Сол күни нур болмайды, нур
таратып туратуғын аспан денеле-
ри қараңғыласады. 7 Күн даўам ете
береди, сонда күндиз бенен түнниң
айырмашылығы болмайды. Кеш-
те де жақты болып турады. Бул
қашан жүз беретуғынын тек ғана
Жаратқан Ийе биледи.
8 Сол күни Ерусалимнен ағын суў
ағып шығады, оның ярымы шығыс-
тағы теңизге, қалған ярымы батыс-
тағы теңизге қуйылады. Суў жазда
да, қыста да ағып турады.
9 Жаратқан Ийе пүткил дүнья-
ның патшасы болады. Сол күни
Жаратқан Ийе жалғыз Қудай бо-
лып, тек ғана Оның аты уллыланады.
10 Пүткил ел Гебадан Ерусалим-
ниң қубласындағы Риммонға де-
йин Иордан тегислигиндей болып
қалады. Ал Ерусалим болса жо-
қарыда болып, Бенямин дәрўа-
засынан Биринши дәрўазаға ҳәм,
Мүйеш дәрўазасына дейин, Хана-
нел минарасынан патшаның жүзим
искенжесине дейин өз орнында қа-
лады. 11 Адамлар сол жерге орнала-
сып, тынышлық ишинде жасайды.
Ерусалим енди қайтып жоқ қылы-
ныўға тапсырылмайды.
12 Ерусалимге қарсы урыс аш-
қан барлық халықларға Жаратқан
Ийе мына аўыр кеселликти жибе-
рип, жазалайды: еле аяғында тур-
ған ўақтында-ақ денелери ирип,
көзлери уясында, тиллери аўзы-
ның ишинде ширип кетеди. 13 Сол
күни Жаратқан Ийе адамларды
үлкен албыраўшылыққа түсире-
ди. Ҳәмме жанындағы адамның
қолынан услап, бир-бирине қол
көтереди. 14 Яҳуда халқы да Еру-
салимде урысады. Дөгеректеги

барлық халықлардың байлығы,
көп муғдарда алтыны, гүмис ҳәм
кийимлери олжа етип алынады.
15 Душпан ордасының атлары, ға-
шырлары, түйелери, ешеклери ҳәм
барлық ҳайўанлары сол аўыр ке-
селликке шатылады.

16 Ерусалимге қарсы саўаш аш-
қанлардан аман қалғанлары бол-
са, ҳәр жылы Әлемниң Жаратқан
Ийеси болған Патшаға тәжим қы-
лыў ушын ҳәм Қос байрамын ны-
шанлаў ушын Ерусалимге келеди.
17 Егер жер жүзиндеги халықлар-
дың биреўи Әлемниң Жаратқан
Ийеси болған Патшаға тәжим қы-
лыў ушын Ерусалимге келмесе,
олардың елинде жаўын жаўмай-
ды. 18 Егер Мысыр халқы байрам-
ға келиўден бас тартса, Жаратқан
Ийе Қос байрамына келиўден бас
тартқан басқа халықлардың басына
салған аўыр кеселликти олардың
басына да салады. 19 Қос байра-
мын нышанлаўға шықпаған Мы-
сыр халқының ҳәм басқа барлық
халықлардың жазасы усы болады.

20 Сол күни атлардың қоңыраў-
ларында «Жаратқан Ийеге бағыш-
ланған», деп жазылады. Жаратқан
Ийениң Үйиндеги қазанлар қур-
банлық орынның алдында қол-
ланылатуғын табақлар сыяқлы
мухаддес болады. 21 Ерусалим ҳәм
Яҳудадағы ҳәр бир қазан Әлем-
ниң Жаратқан Ийесине бағышла-
нады. Сонда қурбанлық шалыўға
келгенлер сол қазанларды қур-
банлықтың гөшин писириў ушын
қолланыўына болады. Сол күннен
баслап, Әлемниң Жаратқан Ийеси-
ниң Үйинде саўдагерлер болмайды.

# Малахия пайғамбардың китабы

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Малахия пайғамбар Нехемияның заманласы болып, шама менен б. э. ш. 430-жылы хызмет еткен. Сол ўақытта Ерусалимдеги Ибадатхана қайта қурылып болған ҳәм Бабилонияға сүргин етилген яҳудийлердиң көбиси өз елине қайтып келген еди. Сол дәўирде олардың ўатаны Персия империясының қол астында болды.

Яҳудийлер ушын бул жүдә қыйын ўақытлар болып, кишкене Яҳуда үлкеси уллы Персия империясының арзымас бир бөлеги болғаны ушын, адамлар өзлериниң жарық келешегине деген үмитин жойтқан еди. Қурылған жаңа Ибадатханада Қудай Өз салтанатын ҳәм қүдиретин көрсетпегени ушын, халық Оның садық сүйиспеншилигине ҳәм әдиллигине екиленип қалады. Сол себепли олар Қудайға керекли дәрежеде ҳүрмет-иззет көрсетпей, Ибадатханаға итибарсыз болады ҳәм Қудайға мақул болмаған қурбанлықлар береди. Олар Қудайдың нызамларына әмел қылмайды, кәмбағал ҳәм жетим-жесирлерге жаман қатнаста болып, ҳаяллары менен ажырасады. Оннан бир ҳәм садақаларын Ибадатханаға алып келмейди, бул болса Қудайдың нәзеринде урлық еди.

Малахия пайғамбар халықты ескертеди, Жаратқан Ийениң келетуғыны ҳаққында хабар берип, Қудай Өз халқын ҳүким қылатуғынын, оларды пәклейтуғынын айтып жәриялайды. Ийемиз келиўинен алдын жол таярлайтуғын елшисин жиберетуғынын да айтып өтеди (3:1). Қудайдың Өз халқына беретуғын берекети ҳәм халқының жарық келешеги ҳаққындағы пайғамбаршылықлар да китаптан орын алған.

# 1

1 Пайғамбаршылық сөзи. Жаратқан Ийе Малахия арқалы Израил халқына мына сөзлерди хабарлады:

### Жаратқан Ийениң Израилға болған сүйиспеншилиги

2 Жаратқан Ийе: «Мен сизлерди сүйип келемен», – дейди.

Ал сизлер болсаңыз: «Бизлерге болған сүйиспеншилигиңди қалайынша көрсеткен едиң?» – деп сорайсыз.

Жаратқан Ийе: «Эсаў Яқыптың ағасы емес пе еди? Сондай болса да, Мен Яқыпты сүйдим, 3 ал Эсаўды жек көрдим. Эсаўдың таўлы үлкелерин ўайран қылып, елин шөлдиң сағалларына тапсырдым», – деп жуўап береди.

4 Егер Эсаўдың урпағы эдомлылар: «Бизлер бүлгиншиликке ушырадық, бирақ ўайран болған жерлеримизди қайта тиклеп аламыз», – деп айтса, Әлемниң Жаратқан Ийеси былай деп жуўап береди:

«Олар қайта қурса да, Мен және ўайран қыламан. Сонда олардың үлкеси Жаўызлық үлкеси деп аталып, ал өзлери Жаратқан Ийениң қәҳәрине мәңги ушыраған халық болады. 5 Буны өз көзлериңиз бенен көрип, сизлер: „Жаратқан Ийе Израил шегараларының сыртында да даңққа ийе!“ – деп айтатуғын боласыз».

### Жаратқан Ийениң руўханийлерди ҳүким қылыўы

6 «Руўханийлер! Ул әкесине, қул хожайынына ҳүрмет көрсетеди. Егер Мен сизлердиң әкеңиз болсам, сизлердиң Маған көрсеткен ҳүрметиңиз қаякта? Егер хожайыныңыз болсам, Меннен қорққаныңыз қаякта?» – дейди Әлемниң Жаратқан Ийеси. «Ҳәй, руўханийлер, сизлер Мениң атымды ҳүрметлемей қойдыңыз.

Деген менен, сизлер: „Сениң атыңа қалайынша ҳүрмет көрсетпедик?“ – деп сорайсыз.

7 Сизлер құрбанлық орныма ҳарам садақалар алып келесизлер. Солай ислесеңиз де, „Бизлер Сениң құрбанлық орныңды қалай ҳарамладық?“ – деп сорайсызлар. Бирақ „Жаратқан Ийениң дастурханын қәдирлемесек те болады“, – деп айтасыз. 8 Соқыр малды құрбанлық қылыў надурыс емес пе? Майып ямаса аўырыў ҳайўанды қурбанлық қылыў надурыс емес пе? Усындай бир ҳайўанды өз ҳәкимиңизге апарып көриң! Оның сеннен кеўли толар ма екен ямаса ол сени жақсы қабыллай ма екен?» – дейди Әлемниң Жаратқан Ийеси.

9 «Енди сизлерге Өз мийрим-шәпәәтимди көрсетиўим ушын, Маған, Қудайға жалбарының. Бирақ сизлер Маған сондай құрбанлықларды усынсаңыз, онда Мен сизлерге мийримимди түсирип, қабыл етер ме едим?» – дейди Әлемниң Жаратқан Ийеси.

10 «Қәне енди, араңыздағы бириңиз бийкарға құрбанлық орында от жағылмасын, деп Ибадатхананың есигин жаўып тасласа, жақсы болар еди! Мениң кеўлим сизлерден тоқ емес», – дейди Әлемниң Жаратқан Ийеси. «Сизлердиң садақаларыңызды қабыл етпеймен. 11 Өйткени шығыстан батысқа дейинги халықлардың арасында Мениң атым

уллы болады! Ҳәмме жерде Мениң
атыма арнап, түтетки түтетиледи,
таза қурбанлықлар бериледи. Се-
беби халықлар арасында Мениң
атым уллы болады!» – дейди Әлем-
ниң Жаратқан Ийеси.
12 «Ал сизлер болсаңыз: „Жаратқан
Ийениң дастурханы қәдирсиз, он-
дағы садақалар арзымас“, – деп
Мениң атыма тил тийгизесиз.
13 Соның менен бирге, „Қандай
аўыр жүк!“ – деп Маған мурынла-
рыңызды гиржийтесиз», – дейди
Әлемниң Жаратқан Ийеси.

«Қурбанлық ушын урланған, ма-
йып ҳәм аўырыў ҳайўанларды алып
келгениңизде, Мен соларды сиз-
лердиң қолыңыздан қабыл ети-
ўим керек пе?» – дейди Жаратқан
Ийе. 14 «Өз сүриўиңизден Маған,
Жаратқан Ийеге бағышлап усы-
ныўға ўәде берип қойған еркек ҳай-
ўанның орнына кемшилиги бар
ҳайўанды қурбанлық қылған өти-
рикшиге нәлет болсын! Себеби Мен
уллы Патшаман. Халықлар Мениң
атымнан қорқады», – дейди Әлем-
ниң Жаратқан Ийеси.

## 2

1 «Ҳәй руўханийлер, енди бул
буйрық сизлерге арналады.
2 Егер Маған қулақ салмасаңыз ҳәм
атымды ҳүрмет етпесеңиз», – дейди
Әлемниң Жаратқан Ийеси, «сиз-
лерге нәлет жаўдырып, сизлердиң
пәтияларыңызды нәлетке айлан-
дыраман. Әлле қашан нәлетледим,
себеби сизлер Мени ҳүрметлеўди
қәлемедиңлер.
3 Мен сизлердиң әўладларыңыз-
ды жазалайман. Байрамларыңызда
қурбанлық қылған малларыңыз-
дың таслалдыларын жүзлериңиз-
ге ылақтыраман. Сизлерди усылар
менен бирге таслап жиберемен.
4 Лебийлилер менен дүзген кели-
симимниң[а] даўам етиўи ушын, усы
буйрықты Мениң бергенимди би-
лип аласызлар», – дейди Әлемниң
Жаратқан Ийеси. 5 «Лебийлилер
менен дүзген келисимим өмир ҳәм
тынышлық беретуғын келисим еди.
Маған ҳүрмет көрсетсин деп, Мен
оларға усыларды берген едим. Олар
Меннен қорқып, атымды ҳүрмет
ететуғын еди. 6 Олардың аўзында
дурыс көрсетпе бар еди ҳәм тил-
леринде ҳеш қандай әдалатсыз-
лық жоқ еди. Олар Мениң менен
бирге болып, тынышлық ҳәм туў-
ры жолда жүретуғын еди ҳәм көп
адамларды гүна жолынан қайта-
ратуғын еди.
7 Руўханийдиң тилиндеги сөз-
лер билимди сақлайды ҳәм адам-
лар оның аўзынан дурыс көрсетпе
излейди. Өйткени ол Әлемниң
Жаратқан Ийесиниң хабаршысы.
8 Деген менен, сизлер жолдан аз-
ғырылып кеттиңиз ҳәм өз үгит-нә-
сиятларыңыз бенен көп адамларды
гүнаға жетеледиңиз. Мениң лебий-
лилер менен дүзген келисимим-
ди буздыңыз», – дейди Әлемниң
Жаратқан Ийеси. 9 «Сизлер Ме-
ниң жолларымды излемедиңлер,
Нызамға байланыслы мәселелерде
адамына қарай ис туттыңлар. Сол
себептен Мен де барлық халықтың
алдында сизлердиң абырайыңыз-
ды түсирип, жерге урдым».

---

а **2:4** Шығ 28:1; 29:1-9.

### Яҳуда халқының Қудайға қыянет етиўи

10 Бизлердиң ҳәммемиздиң Әке-
миз бир емес пе? Бизлерди Қудай
жаратқан жоқ па? Ондай болса, не
ушын ҳәр биримиз өз туўысқа-
нымызға қыянет етип, Қудайдың
ата-бабаларымыз бенен дүзген ке-
лисимин бузып атырмыз?
11 Яҳуда халқы опасызлық қыл-
ды. Олар Израилда ҳәм Ерусалимде
жеркенишли ислер иследи: Яҳу-
да басқа қудайларға табынатуғын
қызларға үйленип, Жаратқан Ийе-
ниң сүйген мухаддес Ибадатхана-
сын ҳарамлады. 12 Буны ислеген
адам ким болыўына қарамастан, ол
Әлемниң Жаратқан Ийесине қур-
банлықлар алып келсе, Жаратқан
Ийе оны Яқыптың шатырларынан
жоқ қылсын!
13 Сизлер ислеп атырған және бир
ис бар: Жаратқан Ийениң қурбан-
лық орнын көз жаслар менен тол-
тырып жибергенсиз, дад салып,
ҳәсирет шегип атырсыз. Себеби
Жаратқан Ийе сизлердиң алып кел-
ген қурбанлықларыңызды қабыл
етпей атыр, Ол булардан ыразы
емес. 14 «Не ушын?» – деп сорай-
сызлар. Себеби сизлер жас ўақ-
тыңызда үйленген ҳаялыңызға
қыянет еттиңлер. Ол сизлердиң
өмирлик жолдасыңыз, некели ҳа-
ялыңыз еди. Жаратқан Ийениң
Өзи екеўиңиздиң араңызда гүўа
болған еди.
15 Қудай сизлерди бир дене ҳәм
бир руўх қылып жаратпады ма? Не
ушын бир қылды? Өйткени Ол Өзи-
не айрықша болған бир урпақ из-
леген еди. Сонлықтан өзлериңизге
ықтыят болың, ҳеш бириңиз жас-
лықта үйленген ҳаялыңызға қы-
янет етпең.
16 «Мен некениң бузылыўын жек
көремен», – дейди Израилдың
Қудайы Жаратқан Ийе. «Ҳаялына
усындай жаўызлық ислеген адам-
нан жеркенемен», – дейди Әлемниң
Жаратқан Ийеси. Сонлықтан абай-
лы болыңлар ҳәм қыянет етпеңлер.

### Ҳүким күни жақын қалды

17 Сизлер сөзлериңиз бенен
Жаратқан Ийени шаршатып жи-
бердиңлер.
Сизлер: «Бизлер Оны қалай шар-
шаттық?» – деп сорайсыз. Ал сиз-
лер Оны: «Жаманлық қылған ҳәр
бир адам Жаратқан Ийениң алдын-
да жақсыдур, Onың кеўли олар-
дан толыдур», – деп шаршаттыңыз.
Және де: «Қәне, әдилликти сақ-
лайтуғын Қудай қайда өзи?» – деп
сорайсыз.

**3** 1 «Мине, Мен Өз хабаршымды
жиберемен. Ол Мениң алдымда
жол таярлайды. Сизлер көриўди аң-
сап жүрген келисимниң хабаршысы
киятыр. Сизлер излеп атырған Ийе
тосаттан Өз Ибадатханасына келе-
ди», – дейди Әлемниң Жаратқан
Ийеси.
2 Бирақ Ол келгенде, ким шыдай
алады? Ол пайда болғанда, ким
тура алады? Себеби Ол таплап та-
залайтуғын от сыяқлы, кир жуўыў-
шының сабыны сыяқлы болады.
3 Ол гүмисти еритип тазалап ала-
туғын адам сыяқлы ҳүким тахтына
отырып, лебийлилерди пәклейди.
Аўа, алтын ҳәм гүмисти тазалаған-
дай етип, тазалайды. Сонда олар

Жаратқан Ийеге туўры жол менен
қурбанлықлар усынатуғын болады.
4 Кейин өткен күнлердегидей, бу-
рынғы жыллардағы сыяқлы, Яхуда
ҳәм Ерусалимде усынылған садақа-
лар Жаратқан Ийеге мақул болады.
5 «Сонда сизлерди ҳүким қылыў
ушын бараман. Меннен қорқпаған-
ларға: жулдыз изертлеўшилерге,
бузықлық қылғанларға, жалған
ант ишкенлерге, жумысшының
ис ҳақысын бермегенлерге, же-
тим-жесирлерди езиўшилерге ҳәм
келгиндилердиң ҳуқықын шекле-
генлерге қарсы шығып, оларды тез-
лик пенен әшкаралайман», – дейди
Әлемниң Жаратқан Ийеси.

### Оннан бирлерди урлаў

6 «Мен Жаратқан Ийемен, Мен
ҳеш ўақытта өзгермеймен. Соның
ушын, сизлер жоқ болып кетпедиң-
лер, ҳәй, Яқып урпақлары! 7 Сизлер
ата-бабаларыңыздың дәўиринен
баслап, Мениң қағыйдаларымнан
жүз бурып, оған әмел қылмай кия-
тырсыз. Енди тәўбе қылып, Мениң
алдыма келиңлер. Сонда Мен де
сизлерге қайтып бараман», – дей-
ди Әлемниң Жаратқан Ийеси.
«Бирақ сизлер: „Не себептен тәў-
бе қылыўымыз керек?“ – деп со-
райсызлар.
8 Адамзат Қудайдан бир нәрсе ур-
лаўы мүмкин бе? Ал сизлер болса,
Меннен урлап атырсызлар. „Сен-
нен не урлаппыз?“ – деп сорайсыз.
Сизлер оннан бири менен садақа-
ларды урлап атырсызлар! 9 Сизлер
ғарғысқа ушырадыңлар. Себеби
сизлер – пүткил халық Меннен ур-
лап атырсыз. 10 Үйимде азық-аў-
қат болыўы ушын, барлық оннан
бирлериңизди затлар сақланатуғын
бөлмеге алып келиңлер. Мени усы-
лайынша сынап көриңлер», – дейди
Әлемниң Жаратқан Ийеси. «Сонда
аспан қақпақларын ашаман, сизлер-
диң үстиңизге берекет жаўдырып,
толып тастыраман. 11 Егинлери-
ңизди шегирткелердиң жеп кети-
ўине жол қоймайман ҳәм жүзим
бағларыңыз жемиссиз қалмайды», –
дейди Әлемниң Жаратқан Ийеси.
12 «Сонда барлық халықлар сизлер-
ди: „Қандай бахытлы халық“ – деп
атайды. Себеби сизлердиң елиңиз
әжайып бир жер болады», – дейди
Әлемниң Жаратқан Ийеси.
13 «Сизлер Маған қарсы жа-
ман сөзлер сөйледиңиз», – дейди
Жаратқан Ийе. «Сонда да сизлер:
„Бизлер Саған қарсы не айтып
едик?“ – деп сорайсыз. 14 Сизлер
былай деп айтқан едиңиз: „Қудай-
ға хызмет етиўдиң пайдасы жоқ.
Әлемниң Жаратқан Ийесиниң та-
лапларын орынлаўдың, Оның ал-
дында аза тутқан адамдай болып
жүриўдиң бизлерге не кереги бар?
15 Ал енди бизлер менменлерди ба-
хытлы деп есаплаймыз. Жаўызлық
қылыўшылар табысқа ерисип атыр.
Мине, Қудайды сынағанлар жаза-
дан аман қалып атыр“».
16 Бирақ Жаратқан Ийеден қор-
қатуғынлар өз ара сәўбетлести.
Жаратқан Ийе олардың сәўбетине
қулақ салып, тыңлады. Жаратқан
Ийеден қорқып, Оның атын сый-
лағанлар ушын, Оның алдында бир
естелик китабы жазылды.
17 «Мен белгилеген сол күнде,
олар Мениң ғәзийнем болады», –
дейди Әлемниң Жаратқан Ийе-
си. «Әке өзине бойсынған улына

қандай мийрим көрсетсе, Мен де
оларға сондай мийрим көрсете-
мен. 18 Сол ўақытта сизлер ҳақ адам
менен жаўыз адамның, Қудайға
хызмет еткен адам менен хыз-
мет етпеген адамның арасындағы
айырмашылықты жәнe көресиз».

### Жаратқан Ийениң уллы күни

4 1 «Мине, сол күн жақынлап қал-
ды. Ол лаўлап жанып турған
тандырға мегзейди. Сонда менмен-
лер менен жаўызлық қылыўшы-
лар сабан сыяқлы болып қалады.
Сол күни олардың ҳәммеси жағып
жибериледи», – дейди Әлемниң
Жаратқан Ийеси. «Олардың тамыры
да, шақасы да қалмайды. 2 Ал сиз-
лер, Мениң атыма ҳүрмет көрсетету-
ғынлар ушын, нурлары менен шыпа
беретуғын әдиллик қуяшы шығады.
Сонда сизлер қорадан шыққан бу-
заўдай секирип ойнап, шадлана-
сызлар. 3 Жаўызларды басқылап
таслайсызлар. Аўа, Мен усыларды
әмелге асырған күни, олар аяғыңыз-
дың астындағы топырақ сыяқлы
болып қалады», – дейди Әлемниң
Жаратқан Ийеси.

4 «Қулым Муўсаның Нызамын,
пүткил Израил халқы ушын Хо-
реб таўында Муўсаға берген қа-
ғыйдаларды ҳәм көрсетпелерди
есиңизге алың.

5 Жаратқан Ийениң уллы ҳәм қор-
қынышлы күни келмесинен алдын,
Мен сизлерге пайғамбар Илиясты
жиберемен. 6 Мен келип, пүткил ел-
ди ғарғап, жоқ қылмаўым ушын, ол
әкелердиң жүреклерин балаларына,
балалардың жүреклерин әкелери-
не қаратып, жарастырады».

# ЖАҢА КЕЛИСИМ

# Матта жазған Хош Хабар

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Бул китапты Ийсаның шәкирти Матта жазған. Ол алдын салықшы болған (Мат 9:9-13). Матта Ийсаның ислерин көрип, гүўа болған ҳәм сөзлерин еситкен он еки елшиниң бири еди. Ол өз Устазының өмири ҳәм хызмети ҳаққында баянлайды. Матта бул китапта Ийсаның Ески Келисимдеги ўәде етилген Қутқарыўшы Масийх екенин айтады. Ол буны дәлиллеў ушын, Ески Келисимдеги пайғамбаршылықлардың Ийсаның өмири ҳәм хызмети арқалы орынланғанын атап өтеди ҳәм Қутқарыўшы Масийх ҳаққында жазылған Ески Келисимдеги көп аятларды келтиреди.

Китап Ийса Масийхтың шежиреси менен басланады, шежиреге Ибрайымнан баслап, Ийсаға дейинги әўладлар киритилген, және де, Ийсаның Даўыттың Урпағы екенине үлкен итибар берилген. Соның менен бирге, яҳудийлер күткен Аспан Патшалығы ҳаққында жийи-жийи айтып, Ийсаны Даўыт патшаның урпағынан шыққан Патша сыпатында сүўретлейди. Бирақ Оның Патшалығы бул дүньяда емес, ал адамлардың ишинде екенин атап өтеди.

Матта өз китабында Ийсаның тек яҳудий халқының емес, ал пүткил адамзаттың Қутқарыўшысы екенлигин ҳәм Оның дүньядағы барлық адамлардың гүналары ушын қурбан болып, үшинши күни өлимнен қайта тирилгенин айтады. Китаптың ақырында 28-бап 18-20 аятларда Ийса Өз шәкиртлерине уллы тапсырма береди.

---

### Ийса Масийхтың шежиреси

*(Лук 3:23-38)*

**1** [1] Ибрайым ҳәм Даўыттың урпағы Ийса Масийхтың[a] шежиреси
мынадай:
[2] Ибрайымнан Ысақ туўылды.
Ысақтан Яқып туўылды. Яқыптан
Яҳуда ҳәм оның аға-инилери туўылды.
[3] Яҳуда менен Тамарадан
Перес ҳәм Зерах туўылды. Перестен
Хесрон туўылды. Хесроннан

---

[a] **1:1** *Масийх* – «Басына май қуйылған адам» дегенди аңлатады. Қудай ўәде еткен Қутқарыўшы. Сөзликке қараң.

Рам туўылды. 4 Рамнан Амминадаб туўылды. Амминадабтан Нахшон туўылды. Нахшоннан Салмон туўылды. 5 Салмон менен Рахабтан Боаз туўылды. Боаз бенен Руттан Обид туўылды. Обидтен Ишай туўылды. 6 Ишайдан Даўыт патша туўылды.

Даўыт пенен бурын Урияның жубайы болған ҳаялдан Сулайман туўылды. 7 Сулайманнан Рехабам туўылды. Рехабамнан Абия туўылды. Абиядан Аса туўылды. 8 Асадан Еҳошафат туўылды. Еҳошафаттан Еҳорам туўылды. Еҳорамнан Уззия туўылды. 9 Уззиядан Иотам туўылды. Иотамнан Ахаз туўылды. Ахаздан Хизкия туўылды. 10 Хизкиядан Менашше туўылды. Менашшеден Амон туўылды. Амоннан Иошия туўылды. 11 Бабилонияға сүргин етилгенде, Иошиядан Ехония* ҳәм оның инилери туўылды.

12 Бабилонияға сүргин етилгеннен кейин, Ехониядан Шеалтиел туўылды. Шеалтиелден Зеруббабел туўылды. 13 Зеруббабелден Абиҳуд туўылды. Абиҳудтан Эляким туўылды. Элякимнен Азор туўылды. 14 Азордан Садоқ туўылды. Садоқтан Ахим туўылды. Ахимнен Элиҳуд туўылды. 15 Элиҳудтан Элазар туўылды. Элазардан Маттан туўылды. Маттаннан Яқып туўылды. 16 Яқыптан Мәриямның күйеўи Юсуп туўылды. Мәриямнан Масийх деп аталған Ийса туўылды.

17 Солай етип, ҳәммеси болып: Ибрайымнан Даўытқа дейин он төрт урпақ, Даўыттан Бабилонияға сүргин етилиўге дейин он төрт урпақ, Бабилонияға сүргин етилгеннен Масийхқа дейин он төрт урпақ.

### Ийса Масийхтың туўылыўы

*(Лук 2:1-7)*

18 Ийса Масийхтың туўылыўы былай болды: Оның анасы Мәрияlarм Юсупке атастырылғаннан кейин, олар қосылмастан бурын, Мәриямның Мухаддес Руўхтан ҳәмиледар екенлиги билинди. 19 Оның күйеўи Юсуп ҳақ адам болып, Мәриямды уятқа қалдырмайын деп, оған үйлениўден жасырын түрде бас тартыўды ойлады. 20 Ол усылай ойлап жүргенде, Жаратқан Ийениң бир периштеси оның түсине енип:

– Ҳәй, Даўыттың урпағы Юсуп! Сен Мәриямды өзиңе ҳаяллыққа алыўға қорқпа. Оның ишиндеги баласы Мухаддес Руўхтан. 21 Мәриям ул туўады. Сен оның атын Ийса[a] деп қоясаң, себеби Ол Өз халқын гүналарынан қутқарады, – деди.

22 Булардың ҳәммеси Жаратқан Ийениң пайғамбар арқалы алдын ала айтқан мына сөзлериниң орынланыўы ушын болды:

23 «Мине, қыз ҳәмиледар болып Ул туўады. Оның атын Иммануел деп қояды»[b].

Иммануел – «Қудай бизлер менен бирге» деген мәнисте.

24 Юсуп уйқыдан турғаннан соң, Жаратқан Ийениң периштесиниң буйырғанын ислеп, Мәриямға үйленди. 25 Бирақ Мәриям улын* туўғанша, Юсуп оған жақынлаған

---

a **1:21** *Ийса* – «Жаратқан Ийе қутқарады» дегенди билдиреди.
b **1:23** Ийш 7:14.

емес. Бала туўылғаннан кейин, ол
баланың атын Ийса деп қойды.

### Жулдыз изертлеўшилер

2 1 Ийса Яҳудияның Бейтлеҳем
қаласында, патша Ҳиродтың
заманында туўылды. Узақ ўақыт өт-
пей, Ерусалим қаласына күншығыс-
тан жулдыз изертлеўшилер келип:
2 – Яҳудийлердиң жаңа туўыл-
ған Патшасы қаяқта екен? Өйткени
бизлер күншығыста Оның жулды-
зын көрип, Оған табыныўға кел-
дик, – деп сорады.
3 Буны еситкен патша Ҳирод ҳәм
оның менен бирге пүткил Еруса-
лим қаласы тынышсызланып қал-
ды. 4 Ҳирод халықтың барлық бас
руўханийлерин ҳәм диний муғал-
лимлерин жыйнап алып, олардан
Масийхтың қай жерде туўылыўы
тийис екенин сорады.
5 Олар былай деди:
– Яҳудиядағы Бейтлеҳемде. Се-
беби пайғамбар арқалы мынадай
сөзлер жазылған:
6 «Ҳәй, Яҳуда жериндеги
Бейтлеҳем!
Яҳудадағы баслы қалалардан
сен ҳеш кем емессең!
Өйткени Мениң халқым
Израилды бағатуғын
Көсем
Сеннен шығады»[a].
7 Сонда Ҳирод жулдыз изерт-
леўшилерди жасырын шақыртып,
олардан жулдыздың шыққан ўақ-
тын билип алды. 8 Оларды Бейтле-
ҳемге жиберип:
– Барып, Нәресте ҳаққында жақ-
сылап билип алың. Оны тапқаннан
кейин, маған хабар бериң, мен де
барып Оған табынайын, – деди.
9 Олар патшаның сөзин еситип
болып, жүрип кетти. Сонда өзлери
күншығыста көрген жулдыз олар-
дың алдында жүрип, жол көрсетти
ҳәм Нәресте жатқан үйдиң үстин-
де тоқтады. 10 Жулдызды көргенде,
олар қатты қуўанды. 11 Үйге ки-
рип, Нәрестени ҳәм Оның анасы
Мәриямды көрди де, Нәрестениң
аяғына жығылып, Оған табын-
ды. Өзлериниң ғәзийне ыдысла-
рын ашып, Оған алтын, ладан ҳәм
мирра[b] деген хош ийисли затлар-
ды сыйға берди. 12 Олар Ҳиродқа
қайтып бармаў ҳаққында түсле-
ринде ескертилгенликтен, басқа
бир жол менен өз еллерине қай-
тып кетти.

### Мысырға қашыў

13 Жулдыз изертлеўшилер кет-
кеннен кейин, Жаратқан Ийениң
бир периштеси Юсуптиң түсине
енип:
– Орныңнан тур да, Нәресте ме-
нен анасын алып, Мысырға қаш!
Саған өзим хабар бергенимше,
сол жерде бол! Себеби Ҳирод Нә-
рестени өлтириў ушын излемек-
те, – деди.
14 Юсуп турды да, Нәресте менен
анасын алып, түн ишинде Мысырға
қашып кетти. 15 Ҳиродтың өлими-
не шекем сол жерде болды. Солай
етип, Жаратқан Ийениң: «Улымды

---

a **2:6** Мих 5:2.
b **2:11** *Ладан ҳәм мирра* – белгили бир тереклердиң қатқан ширесинен таяр-
ланған хош ийисли нәрсе.

Мысырдан шақырып алдым»[a], –
деп пайғамбар арқалы алдын ала
айтқан сөзлери орынланды.
16 Ал Ҳирод жулдыз изертлеў-
шилердиң алдап кеткенин түси-
нип, қатты ашыўланды. Жулдыз
изертлеўшилерден ўақытты билип
алған ол Бейтлеҳемдеги ҳәм оның
дөгерегиндеги еки жасқа шекемги
ул балалардың ҳәммесин өлтириў-
ди буйырды. 17 Солай етип, Еремия
пайғамбар арқалы айтылған мына
сөзлер орынланды:
18 «Рамадан бир даўыс еситилди,
Қатты зарлап жылаған.
Балаларын жоқлап жылар
Раҳила.
Жубанғысы келмес, өйткени
жоқ енди олар»[b].

### Мысырдан Насыраға қайтыў

19 Ҳирод өлгеннен кейин,
Жаратқан Ийениң бир periште-
си Мысырда Юсуптиң түсине енип:
20 – Орныңнан тур да, Нәресте
менен анасын алып, Израил елине
қайт. Себеби Нәрестени өлтирмек-
ши болғанлар өлди, – деди.
21 Юсуп турып, Нәресте менен
анасын алып, Израил елине қайт-
ты. 22 Бирақ Яҳудияда Ҳиродтың
орнына баласы Архелай патша бо-
лып отырғанын еситип, Юсуп ол
жерге барыўға қорқты. Түсинде
аян арқалы ескертилген ол Гали-
ла үлкесине кетип, 23 Насыра деген
қалаға орналасты. Солай етип, «Ол
насыралы деп аталады», деп пай-
ғамбарлардың алдын ала айтқан-
лары орынланды.

### Шомылдырыўшы Яқыяның ўазы

*(Мрк 1:1-8; Лук 3:1-18; Юхн 1:19-28)*

3 1 Сол күнлери шомылдырыўшы
Яқыя келип, Яҳудия үлкесиниң
шөл даласында:
2 – Тәўбе етиңлер! Себеби Аспан
Патшалығы[c] жақынлады, – деп
жәриялады.
3 Ийшая пайғамбар арқалы мы-
надай деп алдын ала айтылған адам
усы Яқыя еди:
«Шөл далада бақырған бир
даўыс еситиледи:
„Ийемизге жол таярлаңлар,
Оның жүретуғын жолларын
дүзетиңлер!“»[d]
4 Яқыя түйениң жүнинен кийим
кийген, белин тери қайыс пенен
бууўған болып, оның аўқаты ше-
гиртке менен жабайы ҳәррениң
палы еди.
5 Сол ўақытта Ерусалимниң,
пүткил Яҳудия үлкесиниң ҳәм
Иорданның пүткил дөгерегиниң
турғынлары оның алдына барды
6 ҳәм өзлериниң гүналарын мо-
йынлап, Иордан дәрьясында шо-
мылдырылды. 7 Яқыя өзине көп
парисейлер менен саддукейлердиң[e]

---

[a] **2:15** Ҳош 11:1.
[b] **2:18** Ерм 31:15.
[c] **3:2** *Аспан Патшалығы* – Қудайдың Патшалығы.
[d] **3:3** Ийш 40:3.
[e] **3:7** *Парисейлер менен саддукейлер* – Ийсаның заманында яҳудий халқының күшли диний топарлары.

суўға шомылдырылыўға[a] киятыр-
ғанын көрип, оларға:
– Ҳәй, уўлы жыланлардың ту-
қымлары! Келешектеги қәҳәрли
жазадан қутылыўды сизлерге ким
үйретти? 8 Тәўбе еткениңизге ыла-
йық жемис бериңлер! 9 Және: «Ата
тегимиз Ибрайым ата-ғо!» – деп
ишлериңизден ойламаңлар. Сиз-
лерге айтатуғыным: Қудай Ибра-
йымға мына таслардан да урпақ
жасап бере алады.
10 Тереклердиң тамырында ҳәзир-
диң өзинде-ақ балта жатыр. Жақсы
мийўе бермейтуғын ҳәр бир терек
шабылып, отқа тасланады. 11 Тәў-
бе еткениңиздиң белгиси ретинде,
мен сизлерди суў менен шомылды-
раман. Бирақ меннен кейин Келиў-
ши меннен де қүдиретли: мен Оның
аяқ кийимин шешиўге де ылайық-
лы емеспен. Ол сизлерди Мухаддес
Руўх ҳәм от пенен шомылдырады.
12 Оның жабасы қолында. Ол Өз
қырманын тазалап, бийдайын ғәл-
леханасына жыйнайды, ал сабанын
сөнбес отқа жандырады, – деди.

### Ийсаның шомылдырылыўы

*(Мрк 1:9-11; Лук 3:21-22)*

13 Сонда Ийса Яқыя тәрепинен
шомылдырылыў ушын Галилала-
дан Иордан дәрьясына, Яқыяның
қасына келди. 14 Бирақ Яқыя Оны
иркип:
– Сениң қолыңнан шомылдыры-
лыўға мен мүтәжбен-ғо! Сен неге
маған киятырсаң? – деди.
15 Бирақ, Ийса оған жуўап берип:
– Енди ыразы бол, пүткил ҳақ-
лықты[b] бизлер усылайынша орын-
лаўға тийислимиз, – деди.
Соннан соң, Яқыя Оған қайыл-
шылық берди.
16 Ийса шомылдырылып, дәрриў
суўдан шықты. Мине, аспан ашылып,
Ол Қудайдың Руўхының Өзиниң үс-
тине кептер пишининде түсип кия-
тырғанын көрди. 17 Сонда аспаннан:
– Бул – Мениң сүйикли Улым,
Мен Оған ырзаман! – деген саза
еситилди.

### Ийсаның сыналыўы

*(Мрк 1:12-13; Лук 4:1-13)*

4 1 Соннан соң, шайтан сынасын
деп, Мухаддес Руўх Ийсаны
шөлге алып барды. 2 Ийса сол жерде
қырық күн, қырық түн ораза тутып,
ақыры аш болды. 3 Сонда азғырыў-
шы шайтан Оның қасына келип:
– Егер Сен Қудайдың Улы болсаң,
мына тасларға буйыр, олар нанға
айлансын! – деди.
4 Ийса жуўап қайтарып:
«Адам тек ғана нан менен емес,
ал Қудайдың аўзынан шыққан ҳәр
бир сөз бенен жасайды»[c], –
деп айтылған, – деди.
5 Соннан соң, шайтан Оны мухад-
дес қала Ерусалимге алып барып,
Ибадатхананың төбесине турғы-
зып қойды да, 6 Оған:
– Егер Сен Қудайдың Улы бол-
саң, төмен секир. Себеби былай
деп жазылған:

---

a **3:7** *Суўға шомылдырыў* – грек тилинде «баптизо». Бул рәсим адамлардың Қудайдың алдында тәўбе етип, таза өмирди баслаўының нышаны.
b **3:15** *Пүткил ҳақлық* – Қудайдың ерки.
c **4:4** Нзм 8:3.

«Ол периштелерине буйрық береди.
Аяғыңды тасқа урып алмаўың ушын,
Олар Сени қолларында алып жүреди»[a], – деди.
7 Ийса оған:
– «Қудайың Жаратқан Ийени сынама!»[b] – деп те жазылған, – деди.
8 Және шайтан Оны жүдә бийик бир таўға апарып, Оған дүньяның барлық патшалықлары менен олардың сән-салтанатын көрсетип:
9 – Егер аяғыма жығылып, маған табынсаң, усылардың ҳәммесин Саған беремен, – деди.
10 Сонда Ийса оған:
– Жоқ бол көзимнен, шайтан!
«Қудайың Жаратқан Ийеге сыйынып, тек Оған хызмет ет!»[c] – деп Мухаддес Жазыўда айтылған, – деди.
11 Соннан кейин, шайтан Оның қасынан кетти. Сонда периштелер келип, Ийсаға хызмет етти.

## Ийсаның Өз хызметин баслаўы

*(Мрк 1:14-15; Лук 4:14-15)*

12 Ийса Яқыяның тутқынға алынғанын еситип, Галила үлкесине
қайтып кетти. 13 Ол Насыра қаласын қалдырып, Зебулон ҳәм Нафталий дөгерегиндеги көлдиң жағасында жайласқан Капарнаҳум қаласына келип орналасты.
14 Солай етип, Ийшая пайғамбар арқалы айтылған мына сөзлер орынланды:
15 «Ҳәй, Зебулон жери менен
Нафталий жери,
Теңизге баратуғын жолдағы,
Иорданның арғы жағасындағы,
Басқа миллетлер жасайтуғын
Галила ели!
16 Қараңғылықта жасаған халық
Үлкен бир жарықты көрди.
Өлим қараңғысында
жасағанлар ушын,
Жақтылық нуры түсти»[d].
17 Сол ўақыттан баслап, Ийса:
– Тәўбе етиңлер! Себеби Аспан Патшалығы жақынлады! – деп жәриялай баслады.

## Ийсаның дәслепки шәкиртлери

*(Мрк 1:16-20; Лук 5:1-11)*

18 Ийса Галила көлиниң жағасында жүргенде, көлге аў салып атырған еки ағалы-инилини: Петр деп аталған Шимонды ҳәм оның иниси Андрейди көрди. Олар балықшылар еди. 19 Ийса оларға:
– Мениң изиме ериңлер! Мен сизлерди адамларды аўлайтуғын аўшылар[e] қыламан, – деди.
20 Олар дәрриў аўларын таслап, Оның изине ерди.
21 Сол жерден кетип баратырып, Ол басқа еки ағалы-инилини: Зебедейдиң улы Яқыпты ҳәм оның иниси Юханды көрди. Олар әкеси

---

a **4:6** Заб 90:11-12.
b **4:7** Нзм 6:16.
c **4:10** Нзм 6:13.
d **4:15-16** Ийш 9:1-2.
e **4:19** *Адамларды аўлайтуғын аўшылар* – Қудайдың жолына түсириўшилер.

Зебедей менен бирге қайықта аў-
ларын жамап отырған еди. Ийса
оларды да шақырды. 22 Олар дәр-
риў қайықты да, әкесин де қалды-
рып, Оның изине ерди.

### Ийсаның аўырыўларға шыпа бериўи

*(Лук 6:17-19)*

23 Ийса пүткил Галила үлке-
син аралап жүрди. Олардың мә-
жилисханаларында тәлим берди
ҳәм Аспан Патшалығы туўралы
Хош Хабарды жәриялап, халықта-
ғы ҳәр қандай аўырыў ҳәм ҳәлсиз-
ликти шыпалайтуғын еди. 24 Ийса
туўралы хабар пүткил Сирияға
жайылды. Барлық аўырыў адам-
ларды, түрли сырқаў ҳәм дәртке
ушырағанларды, жин урғанлар-
ды, қояншық ҳәм ләң болғанлар-
ды Оған алып келди. Ийса оларға
шыпа берди. 25 Оның изине Гали-
ладан, Декаполистен, Ерусалим-
нен, Яҳудиядан ҳәм Иорданның
арғы жағынан келген көп халық
ерип жүрди.

### Таўдағы ўаз

**5** 1 Ийса аламанды көрип, бир
таўға шықты. Ол отырғаннан
кейин, шәкиртлери қасына келди.
2 Ийса оларға былай деп тәлим бе-
ре баслады:

### Ҳақыйқый бахытлылық

*(Лук 6:20-23)*

3 – Қудайға мүтәж екенлигин
түсингенлер бахытлы!
Аспан Патшалығы олардики!
4 Қайғырып жүргенлер бахытлы!
Олар жубаныш табады.
5 Кишипейиллилер бахытлы!
Олар жер жүзине ийелик етеди.
6 Ҳақлықты аңсап, оған
умтылғанлар бахытлы!
Қудай оларды толық
қанаатландырады.
7 Мийрим-шәпәәтлилер бахытлы!
Олар мийрим-шәпәәт алады.
8 Пәк кеўиллилер бахытлы!
Олар Қудайды көреди.
9 Жарастырыўшылар бахытлы!
Олар Қудайдың балалары деп
аталады.
10 Ҳақлық ушын қуўдаланғанлар
бахытлы!
Аспан Патшалығы олардики.

11 Адамлар сизлерди Мен себеп-
ли хорласа, қуўдаласа, ҳәр түрли
өтирик сөзлер менен жаманласа,
сизлер бахытлысызлар! 12 Қуўа-
ныңлар ҳәм шадланыңлар! Өйтке-
ни сизлердиң аспандағы сыйыңыз
үлкен. Сизлерден бурынғы пайғам-
барларды да усылай қуўдалаған.

### Дуз ҳәм нур

*(Мрк 9:50; Лук 14:34-35)*

13 – Сизлер – дүньяның дузысыз-
лар. Бирақ дуз өз күшин жойтса,
оны қалай жәнe шорлы қылыўға
болады? Онда ол ҳеш нәрсеге жа-
рамайды, тек шығарып тасланып,
адамлардың аяғы астында басы-
лып қалады.

14 Сизлер – дүньяның нуры-
сызлар. Таў басына салынған қа-
ла жасырын болып қалмайды.
15 Сондай-ақ шыраны жаққаннан
соң, оны ыдыстың астына емес,
ал шыра қойғышқа қояды, сон-
да ол үйдегилердиң ҳәммесине өз
жақтысын түсиреди. 16 Сол сыяқ-
лы, сизлердиң нурыңыз адамлар-
дың алдында жарқырай берсин.

Адамлар сизлердиң жақсы ислери-
ңизди көрип, аспандағы Әкеңизди
даңққа бөлесин!

### Мухаддес Нызам туўралы

17 – Сизлер Мени Мухаддес Ны-
замды ямаса пайғамбарлардың
Жазыўларын бийкар етиўге кел-
ди, деп ойламаңлар. Мен бийкар
етиў ушын емес, ал орынлаў ушын
келдим. 18 Сизлерге шынын айтып
турман: аспан менен жер жойыл-
мағанша, Мухаддес Нызамның бир
ҳәриби де, бир ноқаты да жойыл-
майды, барлығы да орынланыўы
тийис. 19 Солай етип, ким де ким
усы буйрықлардың ең киши бире-
ўин бузып, адамларға да солай үй-
ретсе, ол Аспан Патшалығында ең
киши болып саналады. Ал ким де
ким оларды орынлап, адамларға
үйретсе, ол Аспан Патшалығын-
да уллы болып саналады. 20 Ме-
ниң сизлерге айтатуғыным: егер
сизлердиң ҳақлығыңыз диний му-
ғаллимлер менен парисейлердики-
нен артық болмаса, сизлер Аспан
Патшалығына кирмейсиз.

### Ғәзеп туўралы

21 – «Адам өлтирме! Ким де ким
адам өлтирсе, ол ҳүким етилиўге
тийисли»[a], – деп бурынғыларға ай-
тылғанды еситкенсиз. 22 Ал Мениң
сизлерге айтатуғыным: ким де ким
туўысқанына бийкарға* ғәзеплен-
се, ол ҳүким етилиўи тийис. Ким де
ким туўысқанын масқаралап, оған:
«Ақылсыз адамсаң!» десе, жоқар-
ғы кеңес тәрепинен ҳүким етилиўи
тийис. Ал ким де ким туўысқаны-
на: «Ақмақ!» десе, дозақ отына тү-
сиўи тийис. 23 Сонлықтан егер де
сен қурбанлығыңды қурбанлық
орынға алып келгениңде, туўыс-
қаныңның саған өкпели екени сол
жерде есиңе түссе, 24 қурбанлығың-
ды сол жерде, қурбанлық орынның
алдында қалдырып, әўели туўыс-
қаныңа барып, оның менен жара-
сып ал! Соңынан қайтып келип,
қурбанлығыңды Қудайға бер.
25 Биреў саған қарсы даў көтерип,
сени қазыханаға алып баратырған-
да, оның менен тезирек жарасып ал.
Олай етпесең, ол сени қазының ал-
дына апарады, қазы сени сақшы-
ға тапсырып, қаматып таслайды.
26 Саған шынын айтаман: соңғы
тийиниңди төлеп таўыспағаныңша,
ол жерден шыға алмайсаң.

### Неке ҳадаллығын бузыў ҳәм ажырасыў туўралы

27 – Сизлер: «Неке ҳадаллығын
бузба!»[b] – дегенди еситкенсиз. 28 Ал
Мениң сизлерге айтатуғыным: ким
де ким басқа бир ҳаялға бузық ни-
йет пенен қараса, ол әлле қашан-ақ,
кеўлинде оның менен неке ҳадал-
лығын бузған болады. 29 Егер сени
оң көзиң азғырса, оны ойып тасла.
Себеби пүткил денеңниң дозаққа
тасланғанынан гөре, бир мүшең-
ниң жоқ болғаны саған жақсырақ
болады. 30 Егер сени оң қолың аз-
ғырса, оны шаўып тасла. Пүткил
денеңниң дозаққа түскенинен гөре,
бир мүшеңниң жоқ болғаны саған
жақсырақ болады.

---

[a] **5:21** Шығ 20:13.
[b] **5:27** Шығ 20:14.

31 Тағы да: «Ким де ким өз ҳа-
ялы менен ажыраспақшы болса,
оған талақ хат берсин»[a], – делинген.
32 Ал Мениң сизлерге айтатуғы-
ным: ким де ким неке ҳадаллығын
бузбаған ҳаялынан ажыраса, ҳа-
ялының неке ҳадаллығын бузы-
ўына себепкер болады. Сондай-ақ
ким де ким күйеўинен ажырасқан
бир ҳаялды алса, ол неке ҳадаллы-
ғын бузады.

### Ант ишиў туўралы

33 – Тағы да сизлер: «Антыңды
бузба, Жаратқан Ийе алдында
антыңды орынла!»[b] – деп бурын-
ғыларға айтылғанды еситкенсиз.
34 Ал Мениң сизлерге айтатуғы-
ным: ҳеш ўақытта ант ишпе! Ас-
пан менен де ант ишпе, өйткени
ол – Қудайдың тахты. 35 Жер ме-
нен де ант ишпе, себеби ол – Оның
аяқ басары. Ерусалим менен де
ант ишпе, өйткени ол – уллы Пат-
шаның қаласы. 36 Өз басың менен
де ант ишпе, себеби сен шашың-
ның бир талын да я ағарта, я қа-
райта алмайсаң. 37 Сизлердиң:
«аўа» сөзиңиз «аўа», «яқ» сөзи-
ңиз «яқ» болсын, буннан басқа-
сы шайтаннан.

### Өш алыў туўралы

*(Лук 6:29-30)*

38 – Сизлер: «Көзге көз, тиске
тис»[c], – дегенди еситкенсиз. 39 Ал
Мениң сизлерге айтатуғыным:
жаман адам менен қарсыласпаң.
Биреў бетиңниң оң жағына ур-
са, оған бетиңниң сол жағын да
тут. 40 Биреў сениң менен даўла-
сып көйлегиңди алғысы келсе,
оған шапаныңды да шешип бер.
41 Биреў сени өзи менен бирге бир
шақырым жер жүриўге мәжбүр-
лесе, оның менен бирге еки ша-
қырым жүр. 42 Сеннен сорағанға
бер, сеннен қарызға алайын де-
геннен аяма.

### Душпанларыңызды сүйиңлер!

*(Лук 6:27-28, 32-36)*

43 – Сизлер: «Жаныңдағы адам-
ды сүй[d], душпаныңды жек көр» –
дегенди еситкенсиз. 44 Ал Мениң
сизлерге айтатуғыным: душпан-
ларыңызды сүйиңлер, сизлерди
қуўдалайтуғынлар ушын ду-
ўа етиңлер*. 45 Сонда аспандағы
Әкеңиздиң балалары боласызлар.
Өйткени Ол жаманлардың үсти-
не де, жақсылардың үстине де, Өз
қуяшының нурын төгеди ҳәм ҳақ
адамлардың үстине де, наҳақлар-
дың үстине де, жаўынын жаўды-
рады. 46 Егер сизлер өзлериңизди
сүйгенлерди ғана сүйсеңлер, қан-
дай сыйлық аласызлар? Салықшы-
лар да солай ислемей ме? 47 Сизлер
туўысқанларыңыз бенен ғана сә-
лемлессеңлер, онда қандай өзгеше-
лигиңиз бар? Бутқа табыныўшылар
да солай ислемей ме? 48 Солай етип,
аспандағы Әкеңиздиң минсиз бол-
ғаны сыяқлы, сизлер де минсиз
болыңлар!

---

a **5:31** Нзм 24:1.
b **5:33** Леб 19:12; Сан 30:3; Нзм 23:21.
c **5:38** Шығ 21:24; Леб 24:20; Нзм 19:21.
d **5:43** Леб 19:18.

## Саўап ислер туўралы

6 1 – Абайлаңлар, сизлер саўап ис-
лериңизди адамларға көрсетиў
ушын, олардың алдында ислемеңлер.
Олай етсеңлер, сизлерге аспандағы
Әкеңизден сыйлық болмайды.
2 Солай етип, сен қайыр-садақа
бергениңде, еки жүзлилер сыяқ-
лы жар салма. Бундайлар адамлар
мақтасын деп, мәжилисханаларда
ҳәм көшелерде усылай ислейди.
Сизлерге шынын айтып турман:
олар әлле қашан өз сыйларын алып
болды. 3 Сен қайыр-садақа берге-
ниңде, оң қолыңның не ислегенин
сол қолың билмесин. 4 Сонда сен
қылған қайырлы ис жасырын бо-
лады ҳәм жасырынлықты көриў-
ши Әкең саған қайтарады.

## Дуўа етиў туўралы

*(Лук 11:2-4)*

5 – Дуўа еткениңизде, адамларға
көрсетиў ушын мәжилисханалар-
да ҳәм көшелердиң мүйешлеринде
турып дуўа етиўди жақсы көре-
туғын еки жүзлилер сыяқлы бол-
маңлар. Сизлерге шынын айтып
турман: олар әлле қашан өз сый-
ларын алып болды. 6 Ал сен дуўа
еткениңде бөлмеңе кирип, еси-
гиңди жапқаныңнан соң, көзге кө-
ринбейтуғын Әкеңе дуўа ет! Сонда
жасырынлықты көриўши Әкең са-
ған қайтарады.
7 Дуўа еткениңизде, бутқа та-
быныўшылар сыяқлы мылжыңға
берилмеңлер. Олар көп сөйлесек
тыңлар деп ойлайды. 8 Сизлер
оларға уқсамаңлар. Себеби Әкеңиз
неге мүтәж екенлигиңизди Оннан
сорамасыңыздан алдын биледи.
9 Сонлықтан сизлер былай деп ду-
ўа етиңлер:
Аспандағы Әкемиз!
Сениң атың мухаддес бола
берсин.
10 Сениң Патшалығың келсин.
Аспанда орынланғаны сыяқлы,
Жерде де Сениң еркиң
орынлансын.
11 Бизлерге бүгин де күнделикли
нанымызды бере гөр.
12 Бизлерге гүна ислегенлерди
кеширгенимиздей,
Бизлердиң де гүналарымызды
кешире гөр.
13 Бизлердиң азғырылыўымызға
жол қоймай,
Шайтаннан қутқара гөр.
Себеби Патшалық та, қүдирет
те, уллылық та мәңгиликке Сени-
ки. Аўмийин.
14 Егер сизлерге гүна ислегенлер-
ди кеширсеңлер, аспандағы Әке-
ңиз де сизлерди кеширеди. 15 Ал
егер сизлерге гүна ислегенлерди
кеширмесеңлер, Әкеңиз де гүна-
ларыңызды кеширмейди.

## Ораза тутыў туўралы

16 – Ораза тутқаныңызда, еки
жүзлилер сыяқлы муңайып жүр-
меңлер. Олар адамларға ораза
тутыўшы болып көриниў ушын
ғана ажарын бузып жүреди. Сиз-
лерге шынын айтаман: олар әлле
қашан өз сыйларын алып болды.
17 Сен ораза тутқаныңда, шашы-
ңа әтир май жағып, бетиңди жуў.
18 Солай етип, ораза тутқаның
адамларға емес, ал көзге көрин-
бейтуғын Әкеңе көринсин. Жасы-
рынлықты көриўши Әкең саған
қайтарады.

### Жоғалмайтуғын байлық

*(Лук 12:33-36; 16:13)*

19 – Өзлериңизге жер бетинде
байлық жыйнамаңлар. Бул жерде
оны күйе де жейди, тат та басады,
урылар да бузып кирип урлайды.
20 Ал өзлериңизге аспанда байлық
жыйнаңлар. Сол жерде оны күйе де
жемейди, тат та баспайды, урылар
да бузып кирип урламайды. 21 Өйт-
кени байлығыңыз қай жерде болса,
жүрегиңиз де сол жерде болады.

22 Көз – дененің шырағы. Сон-
лықтан да, егер көзиң саў болса,
пүткил денең де жарық болады.
23 Егер көзиң саў болмаса, пүткил
денең де қараңғы болады. Сонлық-
тан егер ишиңдеги жарық қараңғы
болса, онда қараңғылықтың өзи
қаншелли тас түнек болады!

24 Ҳеш ким еки хожайынға хыз-
мет ете алмайды. Себеби ол бире-
ўин жек көрип, екиншисин жақсы
көреди ямаса биреўине садық бо-
лып, екиншисине итибарсыз қа-
райды. Сизлер ҳәм Қудайға, ҳәм
байлыққа бирдей хызмет ете ал-
майсызлар.

### Тәшиўишленбеңлер!

*(Лук 12:22-31)*

25 – Сонлықтан сизлерге айтату-
ғыным: жаныңыз ушын не ишип, не
жеймиз деп, денеңиз ушын не кийе-
миз деп тәшиўишленбеңлер. Жан
аўқаттан, дене кийимнен артық
емес пе? 26 Аспандағы қусларға қа-
раңлар! Олар екпейди де, ормайды
да, телекке жыйнамайды да, ал ас-
пандағы Әкеңиз оларды асырайды.
Сизлер олардан анағурлым артық
емессизлер ме? 27 Тәшиўишлениў
себепли, ким сизлердиң араңызда
өз өмирин бир саатқа болса да узай-
та алады? 28 Кийим туўралы неге
тәшиўишленесизлер? Даладағы ла-
ла гүллердиң қалай өсип турғанына
қараңлар! Олар мийнет те етпейди,
жип те ийирмейди. 29 Ал сизлерге
айтатуғыным: Сулайман да өзи-
ниң сән-салтанатында усылардың
биреўиндей сәнли кийинбеген еди.
30 Егер бүгин далада өсип турғаны
менен, ертең ошаққа тасланатуғын
шөпти Қудай усылай кийиндирсе,
сизлерди олардан да артық кийин-
дирмес пе еди, ҳәй, исеними азлар!

31 Сонлықтан да: «Не ишип, не
жеймиз?» ямаса «Не кийемиз?» –
деп тәшиўишленбеңлер. 32 Өйткени
усылардың ҳәммесин бул дүньяға
тийисли адамлар излеп жүреди.
Усы нәрселердиң ҳәммесине мүтәж
екениңизди аспандағы Әкеңиз би-
леди. 33 Ең алды менен Қудайдың
Патшалығын ҳәм Оның ҳақлығын
излеңлер! Сонда булардың ҳәммеси
сизлерге қосымша етип бериледи.
34 Солай етип, ертеңги күн туўра-
лы тәшиўишленбеңлер! Себеби ер-
теңги күн өзи ушын өзи ғам жейди.
Ҳәр күнниң өз ғамы өзине жетеди.

### Басқаларды ҳүким етпеңлер!

*(Лук 6:37-38, 41-42)*

**7** 1 – Басқаларды ҳүким етпеңлер,
сонда сизлер де ҳүким етилмей-
сиз. 2 Өйткени сизлер басқаларды
қандай ҳүким етсеңлер, өзлериңиз
де сондай ҳүким етилесизлер. Қан-
дай өлшем менен өлшеп берсеңлер,
өзлериңизге де сондай өлшем менен
өлшеп бериледи. 3 Сен неге туўысқа-
ныңның көзиндеги шөпти көрип ту-
рып, өз көзиңдеги қаданы сезбейсең?

4 Өз көзиңде қада бола тура, қалай:
«Қәне, көзиңдеги шөпти алып тасла-
йын», – деп туўысқаныңа айтасаң?
5 Ҳәй, еки жүзли! Дәслеп өз көзиң-
деги қаданы алып тасла, сонда анық
көрип, туўысқаныңның көзиндеги
шөпти алып таслай аласаң.
6 Мухаддес затты ийтлерге бер-
меңлер, ҳинжи-маржанларыңызды
шошқалардың алдына таслamaңлар.
Олар ҳинжилериңизди аяқлары
менен басқылап, айланып келип
өзлериңизди тилкимлеп таслайды.

### Сораңлар, излеңлер, есикти қағыңлар!

*(Лук 11:9-13)*

7 – Сораңлар, сизлерге бериле-
ди. Излеңлер, табасызлар. Есикти
қағыңлар, ол сизлерге ашылады.
8 Өйткени сораған ҳәр бир адам
алады, излеген табады, есик қақ-
қанға ашылады. 9 Сизлердиң
араңызда улы нан сораса, тас бе-
ретуғын адам бар ма? 10 Я болмаса,
балық сораса, оған жылан берету-
ғын бар ма? 11 Өзлериңиз жаман
бола тура, балаларыңызға жақсы
сыйлар бериўди билсеңиз, онда
аспандағы Әкеңиз Өзинен сора-
ғанларға қаншелли көп ийгилик-
лер береди!
12 Солай етип, ҳәмме исте адам-
лардың өзлериңизге не ислеўин
қәлесеңлер, сизлер де оларға соны
ислеңлер. Мухаддес Нызамның да,
пайғамбарлардың Жазыўларының
да мәниси усы.

### Тар қапыдан кириңлер!

*(Лук 13:24)*

13 – Тар қапыдан кириңлер. Өйт-
кени набыт болыўға апаратуғын
қапы кең, жол да енли, оның менен
жүретуғынлар көп. 14 Ал өмирге
апаратуғын қапы тар, жол да ен-
сиз, оны табатуғынлар аз.

### Терек мийўесинен билинер

*(Мат 12:33-35; Лук 6:43-44)*

15 – Жалған пайғамбарлардан сақ
болыңлар! Олар қой терисин жамы-
лып сизлерге келеди, бирақ ишле-
ринде олар жырткыш қасқырлар.
16 Сизлер оларды мийўесинен би-
лесизлер. Шеңгелден жүзим ямаса
ошағаннан әнжир жыйнай аласыз
ба? 17 Ҳәр бир жақсы терек жақсы
мийўе береди, жаман терек жа-
ман мийўе береди. 18 Жақсы терек
жаман мийўе, жаман терек жақ-
сы мийўе бере алмайды. 19 Жақсы
мийўе бермейтуғын ҳәр бир терек
шабылып, отқа тасланады. 20 Солай
етип, сизлер оларды мийўесинен
билесизлер.
21 Маған: «Ийе! Ийе!» деген-
ниң ҳәр бири емес, тек аспандағы
Әкемниң еркин орынлаўшы Ас-
пан Патшалығына киреди. 22 За-
манның ақырғы күнинде көбиси
Маған: «Ийе! Ийе! Бизлер Сениң
атың менен пайғамбаршылық етип,
Сениң атың менен жинлерди қу-
ўып шығармадық па? Сениң атың
менен көп кәраматлар ислемедик
пе?» – дейди. 23 Сонда Мен оларға:
«Мен сизлерди ҳеш қашан таныған
емеспен, Меннен аўлақ кетиңлер,
ҳәй, нызамды бузыўшылар!» – деп
ашық айтаман.

### Ақыллылық ҳәм ақылсызлық

*(Лук 6:47-49)*

24 – Солай етип, Мениң усы
сөзлеримди тыңлап, оларды

орынлаўшылардың ҳәр бири өз
үйин жартас үстине салған ақыл-
лы адамға уқсайды. 25 Жаўын жа-
ўып, дәрьялар тасып, самал есип,
бул үйди соққылады, бирақ ол жар-
тас үстине салынғанлықтан қула-
мады. 26 Ал Мениң усы сөзлеримди
тыңлап, оларды орынламайтуғын-
лардың ҳәр бири өз үйин шеге қум
үстине салған ақылсыз адамға уқ-
сайды. 27 Жаўын жаўып, дәрьялар
тасып, самал есип, бул үйди суў бас-
қанда, ол қулап, қатты қыйралды.
28 Ийса усы сөзлерди айтып бол-
ғанда, халық Оның тәлимине таң
қалды. 29 Себеби Ол диний муғал-
лимлер сыяқлы емес, ал Өз бийли-
ги менен адамларға тәлим берди.

## Ийсаның тери кеселлигине шалынған адамға шыпа бериўи

*(Мрк 1:40-45; Лук 5:12-16)*

**8** 1 Ийса таўдан түскенде, изине
көп халық ерди. 2 Сонда Оның
қасына тери кеселлигине шалынған
бир адам келип, аяғына жығылды да:
– Ийем, егер Сен қәлесең, мени ке-
селликтен тазалай аласаң, – деди.
3 Ийса қолын созып, оған тий-
гизди де:
– Қәлеймен, тазалан! – деди.
Тери кеселлигине шалынған адам
сол ўақытта-ақ тазаланып шыпа
тапты. 4 Ийса оған:
– Абайлы бол, буны ҳеш кимге
айтпа! Бирақ руўханийге барып
өзиңди көрсет те, тери кеселлиги-
нен тазаланғаныңды адамларға
дәлиллеў ушын, Муўса буйырған
қурбанлықты бер,[a] – деди.

## Римли жүзбасының исеними

*(Лук 7:1-10)*

5 Ийса Капарнаҳумға кирген ўа-
қытта Оның қасына бир римли
жүзбасы келип:
6 – Ийем, мениң хызметшим ләң
болып, қатты қыйналып үйде жа-
тыр, – деп Оннан жәрдем сорады.
7 Ийса оған:
– Мен барып, оған шыпа бере-
мен, – деди.
8 Ал жүзбасы:
– Ийем, Сениң шаңарағыма кели-
ўиңе мен ылайықлы емеспен. Тек
бир сөз ғана айтсаң, хызметшим
жазылып кетеди. 9 Өйткени мен де
биреўдиң қол астындағы адамман,
өзиме бағынышлы әскерлерим де
бар. Олардың биреўине «бар» де-
сем, барады, екиншисине «кел»
десем, келеди, қулыма «мынаны
исле» десем, ислейди, – деп жу-
ўап қайтарды.
10 Буларды еситкен Ийса таң қа-
лып, изине ерип киятырғанларға:
– Сизлерге шынын айтып турман:
Мен бундай исенимди Израилда
да ушыратпаған едим. 11 Сизлерге
айтатуғыным: шығыстан ҳәм ба-
тыстан көп адамлар келип, Ибра-
йым, Ысақ ҳәм Яқып пенен бирге
Аспан Патшалығында дастурхан-
лас болады. 12 Ал Патшалықтың
мийрасхорлары сыртқа, қараңғы-
лыққа шығарып тасланады. Сол
жерде олар жылап, пушайман жей-
ди – деди.
13 Соннан соң, Ийса жүзбасыға:
– Бара бер, сениң исенимиңе қа-
рай болсын! – деди.

---

a **8:4** Леб 14:1-32.

Жүзбасының хызметшиси сол ўа-
қытта-ақ жазылып кетти.

### Ийсаның көп адамларға шыпа бериўи

*(Мрк 1:29-34; Лук 4:38-41)*

14 Ийса Петрдиң үйине келип,
оның қәйин енесиниң ыссылығы
көтерилип, аўырып жатырғанын
көрди. 15 Ийса ҳаялдың қолына қо-
лын тийгизгенде, ыссылығы түс-
ти ҳәм ҳаял орнынан турып, Оған
хызмет етти.

16 Кеш болғанда, адамлар Ийса-
ға жин урған көп адамларды алып
келди. Ийса олардағы жаўыз руўх-
ларды Өзиниң сөзи менен қуўып
шығарып, аўырғанлардың ҳәмме-
сине шыпа берди. 17 Булар Ийшая
пайғамбар арқалы айтылған мы-
на сөзлердиң орынланыўы ушын
болды:

«Ол кеселликлеримизди Өзине
алды,
Аўырыўларымызды Өзине
жүкледи»[a].

### Ийсаға шәкирт болыўдың шәртлери

*(Лук 9:57-62)*

18 Ийса дөгерегине жыйналған
көп халықты көргенде, шәкиртле-
рине көлдиң арғы жағасына өтиў-
ди буйырды. 19 Сонда бир диний
муғаллим келип, Оған:
– Устаз, Сен қаяққа барсаң да, мен
Саған еремен, – деди.
20 Ийса оған:
– Түлкилердиң инлери, аспандағы
қуслардың уялары бар. Бирақ Адам
Улының[b] бас қойып тынығатуғын
орны да жоқ, – деди.
21 Және бир шәкирти Оған:
– Ийем, дәслеп барып, әкемди
жерлеўиме рухсат ет, – деди.
22 Бирақ Ийса оған:
– Маған ер. Өлилерди жерлеў-
ди өлилердиң өзлерине қалдыр, –
деди.

### Ийсаның даўылды тоқтатыўы

*(Мрк 4:35-41; Лук 8:22-25)*

23 Ийса қайыққа мингенде, шә-
киртлери де Оның изинен минди.
24 Көлде тосаттан күшли даўыл
көтерилип, толқынлар қайықты
суўға толтыра баслады. Ал Ийса
уйықлап жатыр еди. 25 Сонда шә-
киртлери Оған жақынлап келди
де, Оны оятып:
– Ийем! Бизлерди қутқар, набыт
болажақпыз! – деди.
26 Ийса оларға:
– Неге буншама қорқасызлар, ҳәй,
исеними азлар? – деди де, турып са-
малға ҳәм көлге тыйым салғанда,
аўыр тынышлық орнады.
27 Адамлар таң қалысып:
– Самалды да, толқынларды да
Өзине бойсындыратуғын бул ким? –
дести.

### Жин урған еки адамның шыпа табыўы

*(Мрк 5:1-20; Лук 8:26-39)*

28 Ийса арғы жағадағы Гадара үл-
кесине келгенде, қәбирлердиң ара-
сынан киятырған жин урған еки
адамды ушыратты. Олар жүдә қә-
ҳәрли болғанлықтан, бул жол менен

---

[a] **8:17** Ийш 53:4.
[b] **8:20** *Адам Улы* – Ийса Масийх Өзин көбинесе усылай атады, сөзликке қараң.

өтиўге ҳеш кимниң батылы бармай-
туғын еди. 29 Олар қышқырысып:
– Қудайдың Улы Ийса, Сениң биз-
лер менен не жумысың бар? Бул
жерге бизлерди ўақты келместен
бурын азаплаўға келдиң бе? – деди.
30 Олардан алысырақта бир үл-
кен шошқа падасы жайылып жүр-
ген еди. 31 Жинлер Ийсаға:
– Егер бизлерди қуўып шығарату-
ғын болсаң, шошқалардың падасы-
на жибер, – деп жалынды.
32 Сонда Ийса оларға:
– Барыңлар, – деди.
Жинлер адамлардан шығып,
шошқалардың ишине кирди. Сон-
да шошқалардың ҳәммеси жуўы-
рысып, тик жардан көлге түсти де,
суўда набыт болды.
33 Шошқа бағыўшылар қашып
қалаға барып, бәрин хабарлады
ҳәм жин урғанларға не болғанын
да айтып берди. 34 Сонда қаланың
барлық турғынлары Ийсаның ал-
дына шықты. Олар Оны көргенде,
үлкеден шығып кетиўин өтинди.

### Ләң адамның шыпа табыўы

*(Мрк 2:1-12; Лук 5:17-26)*

9 1 Соңынан Ийса қайыққа минип,
көлдиң арғы жағасына өтти де,
Өз қаласына қайтып келди. 2 Сонда
адамлар төсегинде жатырған бир
ләң адамды көтерип, Оған алып кел-
ди. Ийса олардың исенимин көрип,
ләң адамға:
– Балам, жигерли бол, гүналарың
кеширилди! – деди.
3 Сонда диний муғаллимлердиң
гейбиреўлери ишинен: «Бул Қудайға
тил тийгизип тур-ғо!» – деди.
4 Ийса олардың не ойлағанын би-
лип, оларға:
– Ишлериңизден неге жаман-
лық ойлап турсызлар? 5 Қайсысын
айтыў аңсатырақ: «Гүналарың
кеширилди», – деў ме ямаса «Ор-
ныңнан турып жүре бер», – деў
ме? 6 Бирақ, Адам Улының жер
бетинде гүналарды кешириўге
бийлиги бар екенин билип қо-
йыңлар, – деди де, ләң адамға: –
Орныңнан турып төсегиңди ал да,
үйиңе бар! – деди.
7 Ләң адам орнынан турып, үйи-
не кетти. 8 Буны көрген адамлар-
ды қорқыныш бийлеп, адамларға
усындай бийлик берген Қудайды
мақтады.

### Матtаның шәкирт болыўы

*(Мрк 2:13-17; Лук 5:27-32)*

9 Ийса сол жерден кетип бара-
тырып салық кеңсесинде отырған
Матта атлы адамды көрди де, оған:
– Мениң изиме ер, – деди.
Ол орнынан турып, Ийсаның изи-
не ерди.
10 Ийса оның үйинде дастурхан
басында отырғанда, көплеген са-
лықшылар менен гүнакарлар ке-
лип, Ол ҳәм Оның шәкиртлери
менен бирге дастурханлас болды.
11 Парисейлер буны көрип, Оның
шәкиртлеринен:
– Устазыңыз неге салықшылар
ҳәм гүнакарлар менен бирге ас
ишип отыр? – деп сорады.
12 Буны еситкен Ийса оларға:
– Шыпакерге дени саўлар емес,
ал аўырыўлар мүтәж. 13 Сизлер ба-
рып: «Мен қурбанлықты емес, ал

мийрим-шәпәәтти қәлеймен»[a], –
деген сөзлердиң мәнисин билип
алыңлар. Себеби Мен ҳақ адам-
ларды емес, ал гүнакарларды ша-
қырыў ушын келдим, – деди.

### Ораза ҳаққында сораў

*(Мрк 2:18-22; Лук 5:33-39)*

14 Сол ўақытта Яқыяның шәкирт-
лери келип, Ийсадан:
– Бизлер де, парисейлер де жи-
йи-жийи ораза тутамыз, ал Сениң
шәкиртлериң неге ораза тутпай-
ды? – деп сорады.
15 Ийса оларға:
– Тойға келгенлер күйеў олар ме-
нен бирге болған ўақытта қайғы-
ра ала ма? Бирақ, олардан күйеў
тартып алып кетилетуғын күнлер
келеди, сонда олар ораза тутады.
16 Ҳеш ким ески кийимге жаңа
таўардан жамаў жамамайды. Олай
етсе, жуўғанда жаңа жамаў қысқа-
рып, ески кийимнен жыртылып қа-
лады ҳәм жыртық бурынғысынан
бетер болады.
17 Жаңа шарапты да ҳеш ким ес-
ки меске қуймайды. Олай етсе, мес
жарылып, шарап та ағып кетеди,
мес те бузылады. Жаңа шарап жа-
ңа меске қуйылады, сонда екеўи де
сақланады, – деди.

### Тирилген қыз ҳәм шыпа тапқан ҳаял

*(Мрк 5:21-43; Лук 8:40-56)*

18 Ийса оларға усыларды айтып
турғанда қасына бир мәжилисха-
наның басшысы келип, Оның ая-
ғына жығылды да:
– Мениң қызым жаңа ғана өлди.
Сен келип оған қолыңды тийгиз,
сонда ол тириледи, – деди.
19 Ийса орнынан турып, шәкирт-
лери менен бирге оған ерди.
20 Сонда он еки жылдан бери қан
кетип аўырып жүрген бир ҳаял
Ийсаның артына жақынлап келип,
Оның кийиминиң шетине қолын
тийгизди. 21 Себеби ҳаял ишинен:
«Оның кийимине ғана қолымды
тийгизсем, шыпа табаман», – деп
ойлаған еди. 22 Ийса бурылып, оны
көрди де:
– Қызым, жигерли бол, исенимиң
сени қутқарды! – деди.
Ҳаял сол ўақытта-ақ шыпа тапты.
23 Ийса басшының үйине кел-
генде, сыбызғышыларды ҳәм ты-
нышсызланып турған адамларды
көрип, 24 оларға:
– Шығыңлар! Қыз өлген жоқ, тек
уйықлап атыр, – деди.
Олар Ийсаның үстинен күлди.
25 Адамлар сыртқа шығарылған-
нан кейин, Ийса ишке кирип қыз-
дың қолын услағанда, қыз орнынан
турды. 26 Бул ўақыя туўралы хабар
пүткил дөгерекке жайылды.

### Еки соқырдың шыпа табыўы

27 Ийса сол жерден кетип бара-
тырғанда Оның изине еки соқыр
адам ерип, Оған:
– Даўыттың Урпағы[b]! Бизлерге
реҳим ете гөр! – деп бақырысты.
28 Ол үйге киргенде, Оның қасына
соқырлар да келди. Ийса олардан:
– Мениң буны ислей алатуғыны-
ма исенесизлер ме? – деп сорады.

---

a **9:13** Ҳош 6:6.
b **9:27** *Даўыттың Урпағы* – Масийхтың басқа атағы.

Олар:
– Аўа, Ийем, исенемиз, – деп жуўап берди.
29 Сонда Ийса олардың көзлерине қолын тийгизип:
– Сизлерге исенимиңиз бойынша болсын, – дегенде, 30 олардың көзлери көре баслады.
Ийса оларға:
– Абайлаң, буны ҳеш ким билмесин! – деп қатаң тапсырды.
31 Бирақ олар сыртқа шығып, Ийса туўралы хабарды пүткил дөгерекке жайды.

### Жин урған бир гүңелектиң шыпа табыўы

32 Олар шығып кетейин деп атырған ўақытта адамлар Ийсаға жин
урғаны себепли гүңелек болған
бир адамды алып келди. 33 Жин
қуўып шығарылғаннан кейин, гүңелек адам сөйлей баслады. Адамлар таң қалысып:
– Бундай ўақыя Израилда ҳеш қашан болған емес, – дести.
34 Бирақ парисейлер:
– Ол жинлерди жинлердиң баслығының күши менен қуўып шығарып жүр, – дести.

### Ийсаның адамларға жаны ашыўы

35 Соннан соң, Ийса барлық қала ҳәм аўылларды аралап жүрди. Олардың мәжилисханаларында тәлим берди ҳәм Аспан Патшалығы туўралы Хош Хабарды жәриялап, барлық аўырыўларға ҳәм ҳәмме
ҳәлсиз адамларға шыпа берди. 36 Ол
көп халықты көрип, оларға жаны ашыды, өйткени олар шопансыз қойларға уқсап қыйналған ҳәм пытыраңқы еди. 37 Сонда Ол шәкиртлерине:
– Орылатуғын егин көп, бирақ
жумысшылар аз. 38 Сонлықтан зүрәәттиң ийеси болған Ийемизден Өзиниң атызына егинди оратуғын жумысшылар жибериўин дуўа етип сораңлар, – деди.

### Ийсаның он еки елшини таңлаўы

*(Мрк 3:13-19; Лук 6:12-16)*

**10** 1 Ийса он еки шәкиртин қасына шақырып алып, оларға жаўыз руўхларды қуўып шығарыў ҳәм барлық аўырыўлар менен ҳәлсизликлерге шыпа бериў бийлигин берди.
2 Он еки елшиниң атлары мынадай: Петр деп аталған Шимон ҳәм оның иниси Андрей, Зебедейдиң улы Яқып ҳәм оның иниси Юхан,
3 Филип пенен Бартоломей, Томас
пенен салықшы Матта, Алпейдиң
улы Яқып ҳәм Таддей. 4 Ўатансүйер
Шимон ҳәм кейин Ийсаға сатқынлық ислеген Яҳуда Исқариот.

### Шәкиртлерге берилген тапсырмалар

*(Мрк 6:7-13; Лук 9:1-6)*

5 Ийса усы он екисин жибергенде, оларға былай деп тапсырмалар берди:
– Басқа миллетлердиң жерлерине барманлар, самариялылардың қалаларына да кирмеңлер. 6 Ал жоғалған қойлардай болған Израил
халқына барыңлар. 7 Баратырып,
жол бойы: «Аспан Патшалығы жақынлады», – деп жәриялап жүриңлер. 8 Аўырыўларға шыпа бериңлер, өлгенлерди тирилтиңлер,

тери кеселлигине шалынғанлар-
ды тазалаңлар, жинлерди қуўып
шығарыңлар. Ешейин алдыңлар,
ешейин бериңлер. 9 Беллик қалта-
ларыңызға алтын, гүмис ҳәм мыс
теңгелер салып жүрмеңлер. 10 Жол-
ға дорба да, аўысық кийим де, аяқ
кийим де, таяқ та алмаңлар. Себеби
мийнет етиўши өз нанын табады.
11 Сизлер қайсы қалаға ямаса
аўылға кирсеңлер де, сол жерде
кимниң ылайықлы екенин излеп
табыңлар да, кеткенше сол адам-
ның үйинде турыңлар. 12 Оның
үйине киргениңизде, аманлық
тилеп сәлем бериңлер. 13 Үй ыла-
йықлы болса, тилеген аманлығы-
ңыз сол үйге орнайды, ылайықлы
болмаса, тилеген аманлығыңыз
өзлериңизге қайтады. 14 Егер сиз-
лерди биреў қабыл алмаса ҳәм сөз-
лериңизге қулақ аспаса, сол үйден
ямаса қаладан шығып баратырып,
аяқларыңыздағы шаңды қағып ке-
тиңлер. 15 Сизлерге шынын айтып
турман: ҳүким шығарылатуғын қы-
ямет-қайым күнинде Содом менен
Гомораның[a] аўҳалы сол қаланың
аўҳалынан жеңилирек болады.

### Келешектеги қуўдаланыўлар

*(Мрк 13:9-13; Лук 21:12-17)*

16 – Мине, Мен сизлерди қой-
ларды қасқырлардың арасына
жибергендей жиберип атырман.
Сонлықтан жыландай ақыллы,
кептердей ақ кеўил болыңлар.
17 Адамлардан сақ болыңлар, олар
сизлерди қазыханаларға тапсы-
рады, мәжилисханаларында қам-
шылап сабайды. 18 Мен себепли
сизлер ҳәкимлер ҳәм патшалардың
алдыларына апарыласызлар. Усы-
лайынша сизлер оларға ҳәм басқа
миллетлерге Мен туўралы гүўалық
бересизлер. 19 Сизлерди услап бер-
ген ўақытта қалай ямаса не айтыў
ҳаққында қайғырмаңлар, өйткени
айтатуғын сөзлериңиз сол ўақытта
сизлерге бериледи. 20 Себеби сиз-
лер емес, ал сизлер арқалы Әке-
ңиздиң Муқаддес Руўхы сөйлейди.
21 Туўысқаны туўысқанын, әке-
си баласын өлимге услап береди.
Балалары да ата-аналарына қарсы
шығып, оларды өлтиртеди. 22 Ме-
ниң атым себепли, сизлерди ҳәмме
жек көреди. Бирақ ақырына дейин
шыдаған қутқарылады. 23 Сизлер-
ди бир қалада қуўдаласа, екинши
қалаға қашыңлар. Сизлерге шынын
айтып турман: сизлер Израил ели-
ниң қалаларын аралап болмай-ақ,
Адам Улы жетип келеди.
24 Шәкирт устазынан, хызметши
хожасынан уллы емес. 25 Шәкирт
устазы сыяқлы болса, хызметши
де хожасы сыяқлы болса, оларға
жеткиликли. Адамлар үй ийесин
Белзебул-шайтан деп атаған болса,
оның үй-ишине оннан да жаманы-
рақ ат тақпай ма?!

### Кимнен қорқыў керек?

*(Лук 12:2-9)*

26 – Солай етип, олардан қорқ-
паңлар. Өйткени ашылмайтуғын
ҳеш қандай сыр, билинбейтуғын
ҳеш қандай жасырын нәрсе жоқ.
27 Мениң сизлерге қараңғыда айтып
турғанымды сизлер жарықта ай-
тыңлар. Қулақларыңызға сыбырлап

---

a **10:15** Жар 18:16–19:28.

айтылғанды үй төбесинен жәрия-
лаңлар. 28 Денени өлтирсе де, жанды
өлтире алмайтуғынлардан қорқ-
паңлар. Ал жанды да, денени де до-
зақта жоқ қыла алатуғын Қудайдан
қорқыңлар. 29 Еки шымшық бир ти-
йинға сатылмай ма? Бирақ олардың
биреўи де Әкеңиздиң ерки болма-
са жерге қулап түспейди. 30 Басла-
рыңыздағы шашлардың бәри де
Қудайға санаўлы. 31 Сонлықтан
қорқпаңлар: көп шымшықлардан
сизлер қымбатлырақсызлар.

32 Солай етип, ким де ким Мени
адамлар алдында тән алса, Мен де
оны аспандағы Әкемниң алдында
тән аламан. 33 Ал ким де ким Мени
адамлар алдында тән алмаса, Мен
де оны аспандағы Әкемниң алдын-
да тән алмайман.

### Ийса ушын болатуғын айырылысыўлар

*(Лук 12:51-53; 14:26-27)*

34 – Мени жер жүзине татыўлық
әкелген, деп ойламаңлар. Мен та-
тыўлық емес, қылыш бериўге кел-
дим. 35 Себеби Мен улын әкесине,
қызын анасына, келинин қәйин
енесине қарсы етип, айырыўға кел-
дим. 36 Адамның душпанлары өзи-
ниң үй-иши болады[a].

37 Ким де ким Меннен артық әке-
син ямаса анасын сүйсе, ол Маған
ылайықлы емес. Ким де ким Мен-
нен артық улын ямаса қызын сүйсе,
ол Маған ылайықлы емес. 38 Ким де
ким өз атанақ ағашын арқалап Ме-
ниң изиме ермесе, ол Маған ыла-
йықлы емес. 39 Өз жанын сақлап
жүрген адам оны жоғалтады, ал
жанын Мен ушын жоғалтқан адам
оны сақлап қалады.

### Қабыл алыў ҳәм сыйлық

*(Мрк 9:41)*

40 – Ким де ким сизлерди қабыл
алса, оның Мени қабыл алғаны
болады, ким де ким Мени қабыл
алса, оның Мени Жибергенди қа-
был алғаны болады. 41 Ким де ким
пайғамбарды пайғамбар болғаны
ушын қабыл алса, ол пайғамбар
алатуғын сыйлықты алады. Ким де
ким ҳақ адамды ҳақ болғаны ушын
қабыл алса, ол ҳақ адам алатуғын
сыйлықты алады. 42 Мен сизлерге
шынын айтып турман: ким де ким
усылардың ишиндеги ең қарапайы-
мына шәкиртлеримниң бири бол-
ғаны ушын тек бир кесе суўық суў
ишкизсе де, ол сыйсыз қалмайды.

**11** 1 Ийса он еки шәкиртине
усы тапсырмаларды берип
болғаннан кейин, сол жерден ке-
тип, жақын жайласқан қалаларда
тәлим бериўге ҳәм Хош Хабарды
жәриялаўға барды.

### Ийса ҳәм шомылдырыўшы Яқыя

*(Лук 7:18-35)*

2 Яқыя қамақта отырып, Масийх-
тың ислеген ислери ҳаққында есит-
кенде өз шәкиртлерин жиберип:
3 «Келетуғын Сол сенбисең ямаса
басқа биреўди күтиўимиз керек
пе?» – деп Оннан соратты.
4 Ийса оларға жуўап берип:
– Барыңлар, еситип-көргенле-
риңизди Яқыяға билдириңлер.

---

a **10:35-36** Мих 7:6.

**5** Соқырлардың көрип, ақсақ болғанлардың жүрип, тери кеселлигине шалынғанлардың тазаланып, гереңлердиң еситип, өлгенлердиң тирилип, Хош Хабардың жарлыларға жәрияланып атырғанын айтып бериңлер. **6** Маған гүмансыз исенгенлер бахытлы, – деди.

**7** Олар кеткеннен кейин, Ийса халыққа Яқыя туўралы айта баслады:

– Сизлер шөл далаға нени көриўге бардыңлар? Самал тербеткен қамысты ма? **8** Айтыңлар, нени көриўге бардыңлар? Ҳасыл кийим кийген бир адамды ма? Ҳасыл кийим кийгенлер патша сарайларында болады-ғо. **9** Солай етип, нени көриўге бардыңлар? Пайғамбарды ма? Аўа, Мениң сизлерге айтатуғыным: ол – пайғамбардан да уллы. **10** Бул адам ҳаққында Мухаддес Жазыўда былай деп айтылған: «Мине, Мен алдыңнан Өз хабаршымды жиберемен, ол Сениң алдыңда баратуғын жолыңды таярлап қояды»[a]. **11** Сизлерге шынын айтып турман: ҳаялдан туўылғанлардың арасында шомылдырыўшы Яқыядан уллы адам жоқ. Бирақ Аспан Патшалығындағы ең кишкене адам да оннан уллы. **12** Шомылдырыўшы Яқыяның күнлеринен баслап ҳәзирге дейин Аспан Патшалығына зорлық жасалып, зорлық жасаўшылар Оны басып алып атыр. **13** Яқыя келиўге дейин барлық пайғамбарлар ҳәм Мухаддес Нызам Аспан Патшалығы ҳаққында пайғамбаршылық етип келген. **14** Егер буларды қабыл еткиңиз келсе, келиўге тийисли болған Илияс пайғамбар[b] – усы Яқыя. **15** Қулағы бар адам жақсылап еситип алсын!

**16-17** Ҳәзирги әўладты кимге уқсатайын? Олар базарда жолдасларына:

«Сизлерге сыбызғы шерттик,
бирақ ойнамадыңлар!
Сизлерге жоқлаў айттық, бирақ
жыламадыңлар!» –

деп бақырып отырған балаларға уқсайды. **18** Себеби Яқыя келип, ишип-жемеди. Сонда олар: «Оны жин урған», – дести. **19** Адам Улы келип, ишип-жеди. Сонда олар: «Мине, тамақсаў ҳәм мәскүнем адам, Ол салықшылар менен гүнакарлардың досты», – деп айтысып атыр. Ал Қудайдың даналығы ислер арқалы ақланады.

## Тәўбе етпеген қалалар

**20** Соннан соң, Ийса кәраматларын көбирек ислеген қалаларды тәўбе етпегенлиги ушын айыплай баслады:

**21** – Ҳәсирет шегесең, Хоразин! Ҳәсирет шегесең, Бетсайда! Егер сизлерде исленген кәраматлар Тир ҳәм Сидон қалаларында исленгенинде, олар әлле қашан аза кийимин кийип, басына күл шашып, тәўбе еткен болар еди. **22** Ал Мениң сизлерге айтатуғыным: ҳүким шығарылатуғын қыямет-қайым күнинде Тир менен Сидонның аўҳалы сизлердиң аўҳалыңыздан жеңилирек болады. **23** Ҳәй сен, Капарнаҳум, аспанға көтерилесең бе? Яқ, дозаққа қулатыласаң. Өйткени сенде болған кәраматлы ислер Содомда

---

[a] **11:10** Мал 3:1.
[b] **11:14** Мал 4:5-6.

исленгенинде, ол бул күнге дейин сақланар еди. 24 Ал Мениң саған айтатуғыным: ҳүким шығарылатуғын қыямет-қайым күнинде Содом қаласының аўҳалы сениң аўҳалыңнан жеңилирек болады.

### Ийсаның адамларды рәҳәтлениўге шақырыўы

*(Лук 10:21-22)*

25 Сол ўақытта Ийса сөзин даўам етип:

– О, Әке, аспан менен жердиң Ийеси! Буларды даналардан ҳәм ақыллылардан жасырып, нәрестедей адамларға ашып билдиргениң ушын Сени мақтайман! 26 Аўа, Әке! Себеби Сениң қәлеўиң усындай еди.

27 Маған ҳәммеси Әкемнен берилген. Әкеден басқа ҳеш ким Улын билмейди. Әкени де тек ғана Улы ҳәм Улы таңлап ашып билдиргиси келгенлер ғана биледи.

28 Ҳәй, шаршап, аўыр жүк басқанлар, ҳәммеңиз Маған келиңлер! Мен сизлерди рәҳәтлендиремен.
29 Мойынтырығымды салып, Меннен үйрениңлер: өйткени Мен мөмин ҳәм кишипейилмен. Солай етип, кеўиллериңиз тынышлық табады. 30 Мен берген мойынтырық ыңғайлы, жүгим жеңил, – деди.

### Шаббат күни ҳаққында тартыс

*(Мрк 2:23-28; Лук 6:1-5)*

**12** 1 Бир Шаббат күни Ийса бийдай атызының арасынан өтип баратыр еди. Шәкиртлери аш болып, бийдайдың масақларын үзип алып жей баслады. 2 Буны парисейлер көрип, Оған:

– Қара, Сениң шәкиртлериң Шаббат күнинде ислеўге болмайтуғын исти[a] ислеп атыр, – деди.

3 Ийса оларға:

– Өзи де, қасындағылар да аш болғанда, Даўыттың не ислегенин сизлер оқымағансызлар ма? 4 Ол Қудайдың Үйине кирип, руўханийлерден басқа өзине де, қасындағыларға да жеўге болмайтуғын, усынылған нанларды жеген емес пе?[b]
5 Шаббат күнинде руўханийлер Ибадатханада Шаббат күнине байланыслы қағыйданы бузса да гүнасыз болатуғынын Мухаддес Нызамда оқымағансызлар ма?[c] 6 Сизлерге айтатуғыным: бул жерде Ибадатханадан да уллы Биреў бар. 7 Егер сизлер: «Мен қурбанлықты емес, ал мийрим-шәпәәтти қәлеймен»[d], – деген сөздиң мәнисин түсингениңизде еди, гүнасызларды айыпламаған болар едиңиз. 8 Адам Улы Шаббат күниниң де ийеси, – деди.

9 Ийса ол жерден кетип, олардың мәжилисханасына кирди. 10 Сол жерде бир қолы ләң адам бар еди. Парисейлер Ийсаны айыпламақшы болып, Оған былай деп сораў қойды:

– Шаббат күнинде аўырыў адамға шыпа бериў нызамға туўры келе ме?

11 Ийса оларға:

– Сизлердиң араңыздағы бириңиздиң жалғыз ғана қойы болса,

---

a **12:2** Шығ 34:21.
b **12:3-4** 1Пат 21:6.
c **12:5** Сан 28:9-10.
d **12:7** Ҳош 6:6.

ол Шаббат күни бир шуқырға түсип кетсе, оны шығарып алмай ма?
12 Адам қойдан гөре, анағурлым
артық емес пе? Демек, Шаббат күни жақсылық ислеў нызамға туўры келеди, – деди.
13 Соңынан Ол қолы ләң адамға:
– Қолыңды соз! – деди.

Адам қолын созғанда, екиншисиндей сап-саў болып қалды.
14 Сонда парисейлер сыртқа шығып, Ийсаны жоқ қылыў туўралы
тил бириктире баслады.

## Қудайдың таңлаған Хызметшиси

15 Бирақ Ийса буны билип, сол
жерден кетип қалды. Оның изине
көп халық ерип жүрди. Ол аўырыўлардың ҳәммесине шыпа берип,
16 Өзиниң ким екенлигин ашық
айтыўды оларға қадаған ететуғын
еди. 17 Бул Қудайдың Ийшая пайғамбар арқалы айтқан сөзлериниң
орынланыўы ушын болды:

18 «Бул – таңлап алған Қулым,
Кеўлим унатқан Сүйиклим.
Мен Өз Руўхымды Оған
беремен.
Ол ҳәмме миллетлерге
әдалатты жәриялайды.
19 Тартыспайды да, бақырмайды да,
Көшелерде Оның сести
еситилмейди.
20 Әдалат жеңиске ериспегенше,
Ол майысқан қамысты
сындырмайды,
Пысқып турған пиликти де
өширмейди.
21 Халықлар Оның атына үмит
байлайды»[a].

## Қудайдың Руўхына қарсы болмаў туўралы ескертиў

*(Мрк 3:20-30; Лук 6:43-45; 11:14-23)*

22 Сол ўақытта адамлар Ийсаға жин урып, гүң ҳәм соқыр болған адамды алып келди. Ийса оған
шыпа бергенликтен, гүң-соқырдың көзи ашылып, сөйлей баслады.
23 Адамлардың ҳәммеси қатты
таң қалысып:
– Даўыттың Урпағы – Усы емес
пе екен? – дести.
24 Буны еситкен парисейлер:
– Ол жинлерди тек жинлердиң
баслығы Белзебул-шайтанның күши менен ғана қуўып шығарып
жүр, – деди.
25 Ал Ийса олардың ойларын билип, былай деди:
– Өз ара қарсы болып бөлинген
ҳәр бир патшалық жоқ болады, өз
ара қарсы болып бөлинген ҳәр бир
қала ямаса үй қулайды.
26 Ал егер
шайтан өзин өзи қуўып шығарса, онда оның өз ара қарсы болып
бөлингени болады. Олай болса,
оның патшалығы қалай сақланады?
27 Егер Мен жинлерди Белзебул-шайтанның күши менен
қуўып шығарып жүрген болсам,
онда сизлердиң шәкиртлериңиз
оларды кимниң күши менен қуўып шығарып жүр? Солай етип,
олар сизлердиң надурыс екениңизди әшкаралайды.
28 Бирақ Мен
жинлерди Қудайдың Руўхы менен
қуўып шығарып атырған болсам,
онда сизлерге Қудайдың Патшалығының жетип келгени.

---

[a] **12:18-21** Ийш 42:1-4.

**29** Ким дәслеп күшли адамды бай-
лап тасламай турып, оның үйине
кирип, мал-мүлкин тартып әкете
алады? Тек оны байлағаннан ке-
йин ғана оның үйин тонай алады.
**30** Ким де ким Мениң менен бир-
ге болмаса, ол Маған қарсы. Ким де
ким Мениң менен бирге жыйнамаса,
ол шашады. **31** Сонлықтан сизлерге
айтатуғыным: адамлар һәр қандай
гүна ислесе де, Қудайға тил тийгиз-
се де кешириледи, бирақ Мухаддес
Руўхқа тил тийгизсе, кеширилмей-
ди. **32** Ким де ким Адам Улына қарсы
бир сөз айтса, кешириледи, бирақ
Мухаддес Руўхқа қарсы сөйлеген һә-
зир де, келешекте де кеширилмейди.
**33** Теректи жақсы деп санасаңлар,
миййўесин де жақсы деп санаңлар,
ал теректи жаман деп санасаңлар,
миййўесин де жаман деп санаңлар.
Себеби терек миййўесинен били-
неди. **34** Һәй, уўлы жыланлардың
тұқымлары! Сизлер өзлериңиз жа-
ман бола тура, қалай жақсы сөзлер
сөйлей аласызлар? Адамның кеўли
неге толып тасса, аўзынан сол шы-
ғады. **35** Жақсы адам кеўлиндеги
жақсылық ғәзийнесинен жақсы-
лық шығарады, ал жаман адам кеў-
линдеги жаманлық ғәзийнесинен
жаманлық шығарады. **36** Сизлер-
ге айтатуғыным мынаў: адамлар
айтқан һәр бир бос сөзи ушын һү-
ким шығарылатуғын қыямет-қа-
йым күнинде жуўап бериўи шәрт.
**37** Өйткени сен өз сөзлериң менен
ақланасаң да, өз сөзлериң ушын
айыпланасаң да.

## Ийсадан кәраматлы белги көрсетиўин сораў

*(Мрк 8:11-12; Лук 11:29-32)*

**38** Сонда диний муғаллимлер ме-
нен парисейлердиң гейбиреўлери
Ийсаға:
– Устаз! Сени Қудайдың жи-
бергенлигин дәлиллейтуғын кә-
раматлы белги көрсетиўиңди
қәлеймиз, – деди.
**39** Бирақ Ийса оларға былай деп
жуўап қайтарды:
– Жаман һәм опасыз әўлад кәра-
матлы белги талап етпекте. Бирақ
оған Юнус пайғамбардың кәра-
матлы белгисинен[a] басқасы көр-
сетилмейди. **40** Юнустың үлкен
балықтың ишинде үш күн, үш түн
болғанындай, Адам Улы да жер
қойнында үш күн, үш түн бола-
ды. **41** Ниневия турғынлары һүким
шығарылатуғын қыямет-қайым
күни усы әўлад пенен бирге орны-
нан турып, бул әўладтың адамла-
рын айыплайды. Өйткени Юнус
жәриялағанда, олар тәўбе етти[b].
Бирақ бул жерде Юнустан да ул-
лы Биреў бар. **42** Қубладағы һа-
ял патша һүким шығарылатуғын
қыямет-қайым күни усы әўлад
пенен бирге орнынан турып, бул
әўладтың адамларын айыплайды.
Себеби ол Сулайманның даналы-
ғын еситиў ушын, жер бетиниң
арғы шетинен келген еди[c]. Бирақ
бул жерде Сулайманнан да уллы
Биреў бар.

---

a **12:39** Юнс 2:1, 11.
b **12:41** Юнс 3:6-9.
c **12:42** 3Пат 10:1-10.

### Қайтып келген жаўыз руўхлар

*(Лук 11:24-26)*

43 – Жаўыз руўх адамнан шыққан-
нан кейин суўсыз жерлерди гезип,
дем алыўға орын излейди, бирақ таба
алмайды. 44 Сонда ол өзине: «Шық-
қан үйиме қайтайын», – дейди ҳәм
қайтып келгенде, үйдиң бос болып,
тазаланып ҳәм жыйналып турғанын
көреди. 45 Сонда ол барып, өзинен де
жаўыз жети руўхты ертип келеди де,
кирип сол үйде турады. Солай етип,
сол адамның соңғы аўҳалы бурын-
ғыдан да жаман болады. Бул жаман
әўладқа да сондай болады!

### Ийсаның анасы ҳәм туўысқанлары

*(Мрк 3:31-35; Лук 8:19-21)*

46 Ийса халыққа сөйлеп турғанда,
анасы ҳәм туўысқанлары келди. Олар
сыртта турып, Оның менен сөйлес-
пекши болды. 47 Сонда биреў Оған:
– Анаң менен туўысқанларың
Сениң менен сөйлеспекши болып,
сыртта турыпты, – деди.
48 Ол буны айтқан адамға қарап:
– Мениң анам ким, туўысқанла-
рым кимлер? – деди де, 49 Өзиниң
шәкиртлерин қолы менен көрсетип
былай деди: – Мине, Мениң анам
ҳәм туўысқанларым! 50 Себеби ким
де ким Мениң аспандағы Әкемниң
еркин орынласа, Мениң туўысқа-
ным да, анам да – сол.

### Туқым себиўши туўралы тымсал

*(Мрк 4:1-20; Лук 8:4-15)*

**13** 1 Сол күни Ийса үйден шы-
ғып, көлдиң жағасына барып
отырды. 2 Оның жанына жүдә көп
халық жыйналғанлықтан, Ол қа-
йыққа минип отырды, ал халық жа-
ғада турды. 3 Ол тымсаллар менен
оларға көп нәрселерди айтып, бы-
лай деди:
– Бир күни туқым себиўши ту-
қым себиўге шығыпты. 4 Ол сеп-
кенде, туқымлардың гейбиреўлери
жол шетине түсип, қуслар келип,
оларды шоқып жеп қойыпты. 5 Гей-
биреўлери топырағы аз болған
таслаққа түсип, жер терең болма-
ғанлықтан тез көгерип шығып-
ты. 6 Бирақ күн шыққаннан соң
солып, тамырсыз болғанлықтан
қуўрап қалыпты. 7 Гейбиреўлери
тикенлер арасына түсипти. Тикен-
лер өскеннен соң, оларды туншық-
тырып таслапты. 8 Ал басқалары
өнимли жерге түсип, биреўи жүз
еседен, биреўи алпыс еседен, би-
реўи отыз еседен зүрәәт берипти.
9 Қулағы бар адам жақсылап еси-
тип алсын!

### Тымсалдың мақсети

*(Мрк 4:10-12; Лук 8:9-10)*

10 Ийсаның шәкиртлери қасына
келип, Оннан:
– Халыққа не ушын тымсаллар
менен сөйлеп атырсаң? – деп со-
рады.
11 Ийса оларға былай деп жуўап
берди:
– Аспан Патшалығының сырла-
рын билиў сизлерге берилген, би-
рақ оларға берилмеген. 12 Себеби
кимде бар болса, оған және де мол
етип бериледи, ал кимде жоқ бол-
са, оның бары да тартып алынады.
13 Сонлықтан да оларға тымсаллар
менен сөйлеп турман. Өйткени:

«Олар қараса да көрмейди,
Тыңласа да еситпейди ҳәм түсинбейди».
[14] Ийшая пайғамбардың алдын ала олар ҳаққында айтқаны жүзеге асты:
«Тыңлап турасыз, бирақ түсинбейсиз,
Қарап турасыз, бирақ мән бермейсиз!
[15] Себеби бул халықтың жүреги сезимсиз болып,
Қулақлары питип қалған, көзлери гүңгиртлескен.
Олай болмағанда, олардың көзлери көрер еди,
Қулақлары еситер еди, жүреклери менен түсинер еди.
Олар Маған қайтып келсе, Мен оларға шыпа берер едим»[a].
[16] Бирақ, сизлердиң көрип турған көзлериңиз, еситип турған қу-
лақларыңыз бахытлы! [17] Сизлерге
шынын айтып турман: қаншама пайғамбарлар менен ҳақ адамлар сизлердиң көргенлериңизди көргиси келген еди, бирақ көрмеди. Еситкенлериңизди еситкиси келген еди, бирақ еситпеди.

### Тұқым себиўши туўралы тымсалдың түсиндирилиўи

*(Мрк 4:13-20; Лук 8:11-15)*

[18] – Енди сизлер тұқым себиўши туўралы тымсалдың мәнисин
тыңлаңлар. [19] Аспан Патшалығы
туўралы айтылған сөзди еситкен, бирақ оны түсинбеген адамға шайтан келип, оның кеўлине себилген сөзди тартып әкетеди. Жол бойына себилген тұқымның мәниси усы.
[20] Ал таслаққа себилген тұқым мынаны билдиреди: адам сөзди еситкен ўақытта-ақ, оны қуўаныш пенен қа-
был алады. [21] Бирақ тамырсыз бол-
ғанлықтан, турақсызлық етеди. Сөз ушын азап шегиўге ямаса қуўдаланыўға туўра келгенде, тез исеним-
нен қайтады. [22] Тикенлер арасына
себилген тұқым мынаны билдиреди: адам сөзди еситеди, бирақ бул дүньяның тәшиўишлери ҳәм байлыққа алданыў сөзди туншықтырады. Сонлықтан ол зүрәәт бермейди.
[23] Ал өнимли жерге себилген тұқым
мынаны билдиреди: адам сөзди еситип, оны түсинеди ҳәм биреўлери жүз еседен, биреўлери алпыс еседен, биреўлери отыз еседен зүрәәт береди.

### Бийдай ҳәм ҳарам шөп

[24] Ийса басқа тымсал келтирип,
оларға былай деди:
– Аспан Патшалығы өзиниң егислик жерине жақсы тұқым сепкен
адамға уқсайды. [25] Түнде, адамлар
уйықлаған ўақытта душпаны келип, оның бийдайының арасына ҳарам
шөптиң тұқымын сеўип. [26] Бийдай
көгерип масақ шығарғанда, ҳарам
шөп те пайда бола баслапты. [27] Сон-
да хызметшилери хожасына келип: «Хожайын! Сиз егислик жериңизге жақсы тұқым сеппеген бе едиңиз? Онда ҳарам шөп қаяқтан пайда бол-
ды?» – депти. [28] Ол: «Буны душпан
иследи», – депти. Сонда хызметшилери: «Барып, оларды суўырып таслаўымызды қәлейсиз бе?» – деп
сорапты. [29] Ол: «Яқ, сизлер ҳарам
шөплерди суўырғаныңызда, олар

[a] **13:14-15** Ийш 6:9-10.

менен бирге бийдайды да суўы-
рып алыўыңыз мүмкин. 30 Орыў
мәўсими жеткенше, екеўи қатар
өсе берсин. Орыў мәўсиминде мен
орақшыларға: „Дәслеп ҳарам шөп-
ти жыйнаңлар ҳәм баўлап өртеңлер,
ал бийдайды телегиме қуйыңлар“, –
деймен», – депти.

### Қышқыл туқым ҳәм ашытқы туўралы тымсал

*(Мрк 4:30-32; Лук 13:18-21)*

31 Ийса оларға өзге бир тымсал
келтирип, былай деди:
– Аспан Патшалығы бир адамның
өз егислик жерине еккен қышқыл
туқымына[a] уқсайды. 32 Ол туқым-
лардың ишиндеги ең кишкенеси
болса да, өсип шыққаннан соң бар-
лық шөплерден үлкейип, терек
болады. Аспандағы қуслар ушып
келип, шақаларына уя салады.
33 Ийса оларға басқа тымсал ай-
тып:
– Аспан Патшалығы ашытқыға
уқсайды. Ол бир ҳаялдың үш самар
қамырға аз ғана ашытқы салған-
да, барлық қамырды ашытатуғын
ашытқысына уқсайды.
34 Ийса булардың ҳәммесин ха-
лыққа тымсаллар менен айтты.
Тымсалсыз оларға ҳеш нәрсе айт-
пады. 35 Солай етип, пайғамбардың
алдын ала айтқан мына сөзлери
орынланды:

«Аўзымды тымсаллар айтыў
ушын ашып,
Дүнья жаратылғаннан бери
жасырын болғанларды
сөйлеймен»[b].

### Бийдай ҳәм ҳарам шөп туўралы тымсалдың түсиндирилиўи

36 Соңынан Ийса халықты қал-
дырып, үйге кирди. Шәкиртлери
Оның қасына келип:
– Егислик жердеги ҳарам шөп туў-
ралы тымсалды бизлерге түсинди-
рип бер, – деди.
37 Ийса былай деп жуўап берди:
– Жақсы туқым себиўши – Адам
Улы. 38 Егислик жер – дүнья, жақсы
туқымлар – Аспан Патшалығының
балалары. Ал ҳарам шөплер – шай-
танның балалары. 39 Ҳарам шөп-
лерди сепкен душпан – шайтан.
Орыў мәўсими – ақырзаман, орақ-
шылар – периштелер болады. 40 Со-
лай етип, ҳарам шөплерди қалай
жыйнап алып, отқа жақса, бул
дүньяның ақырында да сондай
болады. 41 Адам Улы периштеле-
рин жибереди, Оның Патшалығы-
нан олар барлық азғырыўшылар
менен нызамды бузыўшыларды
жыйнап алады да, 42 жанып турған
ошаққа таслайды. Олар сол жерде
жылап, пушайман жейди. 43 Сонда
ҳақ адамлар өзлериниң Әкесиниң
Патшалығында күн сыяқлы жар-
қырап турады. Қулағы бар адам
жақсылап еситип алсын!

### Табылған ғәзийне ҳәм қымбат ҳинжи туўралы тымсал

44 – Аспан Патшалығы егис-
лик жерге жасырылған ғәзий-
неге уқсайды. Оны биреў таўып
алып, және жасырып қойыпты да,

---

a **13:31** *Қышқыл туқым* – горчица.
b **13:35** Заб 77:2.

қуўанғанынан барлық мал-мүлкин
сатып жиберип, сол егислик жерди
сатып алыпты.
[45] Және Аспан Патшалығы ҳасыл
ҳинжилер излеп жүрген бир саўда-
герге уқсайды. [46] Ол жүдә қымбат
бир ҳинжини тапқанда, өзиниң
барлық мал-мүлкин сатып жибе-
рип, сол ҳинжини сатып алыпты.

### Балық түскен аў туўралы

[47] – Және Аспан Патшалы-
ғы теңизге салынып, әлўан түр-
ли балықлар түскен аўға уқсайды.
[48] Толғаннан кейин, балықшылар
оны жағаға сүйреп шығарыпты.
Соңынан отырып, жақсыларын
таңлап ыдысларға салып, ал жа-
манларын ылақтырып таслапты.
[49] Ақырзаманда да солай болады:
периштелер келип, жаман адамлар-
ды ҳақ адамлардан айырып алып,
[50] жанып турған ошаққа таслайды.
Олар сол жерде жылап, пушайман
жейди.
[51] Соннан соң, Ийса олардан:
– Булардың ҳәммесин түсиндиң-
лер ме? – деп сорады.
Олар:
– Аўа, Ийем, түсиндик, – деди.
[52] Ийса оларға:
– Сонлықтан Аспан Патшалығы
туўралы тәлим алған ҳәр бир ди-
ний муғаллим өз ғәзийнесинен жа-
ңаны да, гөнени де шығарыўшы үй
ийесине уқсайды, – деди.

### Насыралылардың Ийсаға исенбеўи

*(Мрк 6:1-6; Лук 4:16-30)*

[53] Ийса усы тымсалларды айтып
болғаннан соң, сол жерден кетип
қалды. [54] Өзи өскен қалаға келип,
сол жердеги мәжилисханада ха-
лыққа тәлим бере баслады. Халық
таң қалысып:
– Ол бундай даналықты ҳәм кә-
рамат ислеў қүдиретин қаяқтан
алған? [55] Ол – ағаш устасының
баласы емес пе? Оның анасының
аты Мәриям, инилериниң атлары
Яқып, Юсуп, Шимон, Яҳуда емес
пе? [56] Оның ҳәмме қарындаслары
да бизиң арамызда емес пе? Ал бу-
лардың ҳәммеси Онда қаяқтан пай-
да болды екен? – деди де, [57] Оны
тән алмады.
Сонда Ийса оларға:
– Қәдирленбейтуғын пайғамбар
жоқ, ол тек өз ўатаны менен үйин-
де ғана қәдирсиз, – деди.
[58] Олар исенбегени себепли, Ийса
ол жерде көп кәраматлар ислемеди.

### Шомылдырыўшы Яқыяның өлтирилиўи

*(Мрк 6:14-29; Лук 9:7-9)*

**14** [1] Сол ўақытта Ийса ҳаққын-
да хабарды Галила үлкеси-
ниң ҳүкимдары Ҳирод та еситип,
[2] өз хызметкерлерине:
– Бул адам – шомылдырыўшы
Яқыя. Ол өлимнен қайта тирилип-
ти, сонлықтан да усындай кәрамат-
лар ислемекте, – деди.
[3] Буннан бурын Ҳирод өз иниси
Филиптиң ҳаялы Ҳиродия себеп-
ли Яқыяны услап алып байлатып,
қаматып таслаған еди. [4] Өйтке-
ни Яқыя оған: «Оны ҳаял қылып
алыўың нызамға туўры келмей-
ди», – деген еди. [5] Ҳирод Яқыяны
өлтирмекши де болып еди, бирақ
халықтан қорқты. Себеби халық
Яқыяны пайғамбар деп санайту-
ғын еди.

6 Ал Ҳиродтың туўылған күнин-
де, Ҳиродияның қызы жыйналған
қонақлардың алдында ойынға түс-
сип, Ҳиродтың кеўлинен шықты.
7 Соның ушын ол қызға сораған
нәрсесин бериўге ўәде берип, ант
ишти.
8 Қыз анасының кеңеси бойынша:
– Шомылдырыўшы Яқыяның ба-
сын алдырып, табаққа салып, ма-
ған усы жерге әкелип бериң, – деди.
9 Патша буған қыйналса да, қо-
нақларының алдында ант ишкен-
ликтен қызға сораганын бериўди
буйырды. 10 Солай етип, патша
адам жиберип, қамақта Яқыяның
басын кесип алдыртты. 11 Табаққа
салып әкелинген бас қызға берил-
ди. Қыз оны анасына апарып бер-
ди. 12 Яқыяның шәкиртлери келип,
оның денесин алып кетип жерле-
ди. Соннан соң барып, Ийсаға ха-
барлады.

## Ийсаның бес мың адамды тойғызыўы

*(Мрк 6:30-44; Лук 9:10-17; Юхн 6:1-14)*

13 Ийса буны еситкеннен кейин
қайыққа минип, елсиз бир жерге
жалғыз кетип қалды. Бул туўра-
лы еситкен халық өз қалаларынан
шығып, пиядалап Оның изине ер-
ди. 14 Ийса қайықтан түскенде сон-
шама халықты көрди, оларға жаны
ашып, аўырыўларына шыпа берди.
15 Кеш болғанда шәкиртлери қа-
сына келип, Оған:
– Бул – бир елсиз жер, күн де кеш
болды. Халықты тарқатып жибер,
олар аўылларға барып, өзлерине
аўқат сатып алсын, – деди.
16 Бирақ Ийса:
– Олардың кетиўиниң ҳәжети
жоқ, оларға сизлер аўқат бериң-
лер, – деди.
17 – Бизлерде тек бес нан менен
еки балық ғана бар, – деди олар.
18 Ийса:
– Оларды бул жерге, Маған алып
келиңлер, – деди.
19 Соңынан халыққа шөпли жер-
ге отырыўды буйырды да, бес нан
менен еки балықты алып, аспан-
ға қарап Қудайға шүкирлик етти.
Нанларды сындырып, шәкиртле-
рине берди, олар халыққа үлестир-
ди. 20 Ҳәммеси жеп тойды, аўысқан
бөleклерин жыйнап, үлкен он еки
себет толтырды. 21 Ал жегенлер ҳа-
ял ҳәм балалардан басқа бес мың-
дай адам еди.

## Ийсаның суўдың үсти менен жүриўи

*(Мрк 6:45-56; Юхн 6:15-21)*

22 Буннан соң дәрҳал Ийса шә-
киртлерине қайыққа миниўди ҳәм
Өзинен бурын арғы жағаға кетиўди
буйырды. Ал Өзи халықты тарқа-
тып жиберди. 23 Халықты тарқатып
жибергеннен соң, Ийса дуўа етиў
ушын жалғыз Өзи таўға шықты,
кеште де сол жерде жалғыз қалды.
24 Ал сол ўақытта көлдиң жағасы-
нан узақласқан қайықты толқын-
лар соққылай баслады, өйткени
күшли самал қайыққа қарсы есип
тур еди.
25 Ерте таңда Ийса көлдиң үсти
менен жүрип, оларға жақынлай
баслады. 26 Шәкиртлери көлдиң
үсти менен киятырған Оны көр-
генде зәррелери ушып:
– Бул әрўақ, – деп қатты қорқып
бақырысты.

27 Бирақ Ийса оларға дәрриў:
– Жигерлениңлер! Бул Мен, қорқ-
паңлар, – деди.
28 Петр Оған жуўап берип:
– Ийем! Егер бул Сен болсаң, ма-
ған суўдың үсти менен Сениң қасы-
ңа жүрип барыўды буйыр, – деди.
29 Ийса:
– Кел, – деди.
Петр қайықтан түсип, Ийсаға
қарай суўдың үсти менен жүрип
кетти. 30 Бирақ ол самалдың күш-
ли екенин көргенде қорқып кетип,
суўға бата баслағанда:
– Ийем! Мени қутқар! – деп ба-
қырды.
31 Ийса дәрриў қолын созып, оны
тартып алды да, оған:
– Ҳәй, исеними аз! Сен неге гү-
манландың? – деди.
32 Олар қайыққа мингенде, са-
мал тынып қалды. 33 Қайықтағы
шәкиртлери Ийсаның аяғына жы-
ғылып:
– Сен шынында да, Қудайдың
Улысаң! – дести.

## Геннесареттеги аўырыўлардың шыпа алыўы

34 Олар көлдиң арғы жағасына
өтип, Геннесарет жерине келип тоқ-
тады. 35 Сол жердиң турғынлары
Ийсаны танып, пүткил дөгерекке
хабарлады ҳәм аўырған адамлар-
дың ҳәммесин Оған алып келди.
36 Олар Ийсадан тек кийиминиң
шетине ғана қол тийгизиўге рух-
сат сорады. Қол тийгизгенлердиң
ҳәммеси шыпа тапты.

## Адамларды не ҳарамлайды?

*(Мрк 7:1-13)*

**15** 1 Сонда Ийсаның қасына
Ерусалимнен парисейлер
менен диний муғаллимлер келип,
Оған:
2 – Не ушын Сениң шәкиртлериң
ата-бабалардан қалған дәстүрлер-
ди бузып жүр? Олар нан жеўден ал-
дын қолларын жуўмайды, – деди.
3 Ийса оларға жуўап берип, бы-
лай деди:
– Сизлер не ушын дәстүрлериңиз
себепли Қудайдың буйрығын буза-
сызлар? 4 Себеби Қудай: «Ата-анаңды
ҳүрметле»[a] ҳәм «Ким де ким әкеси-
не ямаса анасына жаман сөз айтса,
ол сөзсиз өлтирилсин»[b] деп буйрық
берген. 5 Ал сизлер: «Ким де ким әке-
сине ямаса анасына: „Саған бере-
туғынымды Қудай жолына қурбан
етип бағышлайман“, десе, 6 ол әкесин
ямаса анасын сыйламаса да бола-
ды», – дейсизлер. Солай етип, дәстүр-
лериңиз себепли, сизлер Қудайдың
сөзин бийкар етип атырсызлар. 7 Ҳәй,
еки жүзлилер! Ийшая пайғамбар сиз-
лер туўралы алдын ала дурыс айтқан:
8 «Бул халық сыйлар Мени тили
менен*,
Бирақ жүреги Меннен алыс.
9 Олар Маған босқа сыйынып,
Адам ойлап тапқан парызларды
үйретер»[c].
10 Соңынан Ийса халықты шақы-
рып алып, оларға:
– Тыңлап, түсинип алыңлар:
11 адамды оның аўзына енген нәрсе

---

[a] **15:4** Шығ 20:12; Нзм 5:16.
[b] **15:4** Шығ 21:17; Леб 20:9.
[c] **15:8-9** Ийш 29:13.

емес, ал аўзынан шыққан нәрсе ҳа-
рамлайды, – деди.
12 Сонда Оның шәкиртлери қа-
сына келип, Оннан:
– Бул сөзди еситкенде, парисей-
лердиң ашыўланып қалғанын бил-
диң бе? – деп сорады.
13 Ийса оларға:
– Аспандағы Әкем екпеген ҳәр
бир өсимлик түп-тамыры менен
жулып тасланады. 14 Оларды қо-
йыңлар. Олар – соқырлардың со-
қыр жетелеўшилери. Егер соқырды
соқыр жетелесе, екеўи де шуқырға
қулап түседи, – деди.
15 Петр Оған:
– Бул тымсалды бизлерге түсин-
дирип бер, – деди.
16 Ийса оларға:
– Сизлер еле түсинбей турсызлар
ма? 17 Аўызға енгенниң ҳәммеси
қарынға баратуғынын, оннан соң
сыртқа шығып кететуғынын тү-
синбейсизлер ме? 18 Аўыздан шық-
қан кеўилден шығады. Адамды
ҳарамлайтуғын усы. 19 Өйткени
жаманлық ойлаў, адам өлти-
риў, неке ҳадаллығын бузыў, бу-
зықшылық қылыў, урлық ислеў,
жалған гүўалық бериў ҳәм масқа-
ралаў кеўилден шығады. 20 Адам-
ды ҳарамлайтуғын усылар. Ал қол
жуўмай аўқат жеў адамды ҳарам-
ламайды, – деди.

### Қананлы ҳаялдың исеними

*(Мрк 7:24-30)*

21 Ийса сол жерден шығып, Тир
ҳәм Сидон үлкесине кетти. 22 Сол
үлкелерден қананлы бир ҳаял ке-
лип, Оған:
– Ийем, Даўыттың Урпағы, маған
реҳим ете гөр! Мениң қызымды
жин урып, қатты қыйналып атыр, –
деп бақырды.
23 Бирақ Ийса оған ҳеш нәрсе айт-
пады. Сонда шәкиртлери қасына
келип, Оннан:
– Оны жибер, изимизден бақы-
рып киятыр, – деп өтинди.
24 Ийса:
– Мен тек Израилдың жоғалған
қойларына жиберилгенмен, – деп
жуўап қайтарды.
25 Сонда ҳаял келип, Оның аяғы-
на жығылды да:
– Ийем! Маған жәрдем ете гөр! –
деп жалынды.
26 Ийса оған жуўап берип:
– Балалардың нанын алып, ийт-
лерге таслаў дурыс емес, – деди.
27 Ҳаял:
– Аўа, Ийем, солай. Бирақ ийтлер
де хожайынларының дастурханы-
нан түскен усақларды жейди-ғо, –
деди.
28 Сонда Ийса оған:
– Ҳәй, ҳаял, сениң исенимиң күш-
ли екен, тилегениң болсын, – деди.
Оның қызы сол ўақытта-ақ жа-
зылып кетти.

### Ийсаның төрт мың адамды тойғызыўы

*(Мрк 8:1-10)*

29 Ийса сол жерден кетип, Гали-
ла көлине келди ҳәм таўға шығып
отырды. 30 Сонда Оның қасы-
на көп халық жыйналып қалды.
Олар өзлери менен бирге ақсақ-
ларды, соқырларды, майыпларды,
гүңелеклерди ҳәм басқа да аўы-
рыў адамларды Ийсаның алды-
на алып келди. Ийса оларға шыпа
берди. 31 Солай етип, гүңелеклер-
диң тиллери шығып, майыплардың

жазылып, ақсақ болғанлардың жү-
рип, соқырлардың көзлери ашы-
лып кеткенлигин көрген халық
аң-таң болысып, Израилдың
Қудайына алғыс айтты.
32 Ийса шәкиртлерин жанына ша-
қырып алып, оларға:
– Халыққа жаным ашып тур. Олар
үш күннен бери қасымда болып,
жейтуғын хеш нәрсеси жоқ. Олар-
ды аш ҳалында жибергим келмей-
ди, себеби жолда ҳәлсиреп қалыўы
мүмкин, – деди.
33 Шәкиртлери:
– Усыншама халықты тойғыза
аларлықтай, бир елсиз далада нан-
ды қаяқтан табамыз? – деди.
34 Ийса олардан:
– Неше наныңыз бар? – деп со-
рады.
Олар:
– Жетеў, және бир неше киши ба-
лық та бар, – деп жуўап берди.
35 Соңынан Ийса халыққа жерге
отырыўды буйырды. 36 Жети нан-
ды ҳәм балықларды алып, Қудайға
шүкирлик етти. Оларды сындырып,
шәкиртлерине берди, олар халыққа
үлестирди. 37 Олардың ҳәммеси жеп
тойды. Аўысқан бөлеклерин жый-
нап, жети себет толтырды. 38 Же-
генлер ҳаял ҳәм балалардан басқа
төрт мың адам еди.
39 Соннан соң, Ийса халықты тар-
қатып жиберди де, қайыққа минип,
Магдала дөгерегине кетти.

## Кәраматлы белги көрсетиўди сораў

*(Мрк 8:11-13; Лук 12:54-56)*

**16** 1 Парисейлер менен сад-
дукейлер Ийсаға келди де,
Оны сынамақшы болып, аспаннан
кәраматлы белги көрсетиўин сора-
ды. 2 Ийса оларға жуўап қайтарып:
– Кеште сизлер: «Ертең күн ашық
болады, аспан қызғыш-ғо», – дей-
сизлер. 3 Ал таң азаннан: «Бүгин
жаўын-шашын болады, аспан қы-
зыл ҳәм түнерген», – дейсизлер.
Сизлер неге аспанның райын айыра
алсаңлар да, заманның белгилерин
айыра алмайсызлар? 4 Жаман ҳәм
опасыз әўлад кәраматлы белги та-
лап етпекте. Бирақ оған Юнустың
белгисинен басқасы көрсетилмей-
ди, – деди.
Соң оларды қалдырып, сол жер-
ден кетип қалды.

## Жалған тәлиматлардан сақ болыңлар!

*(Мрк 8:14-21)*

5 Ийсаның шәкиртлери арғы жа-
ғаға өткенде, нан әкелиўди умытып
кеткен еди. 6 Ийса оларға:
– Абайлаңлар, парисейлердиң ҳәм
саддукейлердиң ашытқысынан сақ
болыңлар! – деди.
7 Сонда олар:
– Нан әкелмегенимиз ушын со-
лай деп атырған шығар, – деп өз
ара айтыса баслады.
8 Ийса буны билип, оларға:
– Ҳәй, исеними азлар, сизлер не-
ге өз ара наныңыздың жоқлығын
айтысып турсызлар? 9 Еле де тү-
синбедиңлер ме? Бес нан бес мың
адамға жетип, аўысқанын жыйна-
ғаныңызда неше себет толтырға-
ныңыз есиңизде жоқ па? 10 Және
де жети нан төрт мың адамға же-
тип, аўысқанын жыйнағаныңызда
неше себет толтырғаныңыз еси-
ңизде жоқ па? 11 Мениң сизлерге
нан ҳаққында айтпағанымды неге

түсинбейсизлер? Парисейлердиң
ҳәм саддукейлердиң ашытқыла-
рынан сақ болыңлар, – деди.
12 Олар сонда ғана Онның нан-
ның ашытқысынан емес, ал па-
рисейлердиң ҳәм саддукейлердиң
тәлиматларынан сақ болыўды айт-
қанлығын түсинди.

### Петрдиң Ийсаның Масийх екенин мойынлаўы

*(Мрк 8:27-30; Лук 9:18-21)*

13 Ийса Филип Кесариясында-
ғы үлкеге келгенде, Өз шәкирт-
леринен:
– Адамлар Мени, Адам Улын ким
деп санайды? – деп сорады.
14 Олар:
– Гейбиреўлери шомылдырыўшы
Яқыя, гейбиреўлери Илияс, ал ба-
зылары Еремия ямаса пайғамбар-
лардың бири деп санайды, – деди.
15 Ийса оларға:
– Ал сизлер Мени ким деп санай-
сызлар? – деди.
16 Шимон Петр жуўап қайтарып:
– Сен – Масийхсаң, тири Қудай-
дың Улысаң, – деди.
17 Ийса оған:
– Юнустың улы Шимон, сен ба-
хытлысаң! Саған буны адам бала-
сы емес, ал аспандағы Әкем ашып
билдирди. 18 Саған Мениң айта-
туғыным мынаў: сен – Петрсең[a],
Мен мына тастың үстине Өз жә-
мәәтимди орнатаман, оны өлим
күшлери де жеңе алмайды. 19 Са-
ған Аспан Патшалығының гилт-
лерин беремен. Сен жер бетинде
нени байласаң, сол аспанда да бай-
ланады, және де, сен жер бетинде
нени шешсең, сол аспанда да ше-
шиледи, – деп жуўап берди.
20 Соннан соң, Ийса шәкиртлери-
не Өзиниң Масийх екенлигин ҳеш
кимге айтпаўды буйырды.

### Ийсаның Өз өлими ҳәм қайта тирилиўи ҳаққында билдириўи

*(Мрк 8:31–9:1; Лук 9:22-27)*

21 Сол ўақыттан баслап Ийса Өзи-
ниң Ерусалимге барып, ақсақал-
лар, бас руўханийлер ҳәм диний
муғаллимлер тәрепинен көп азап
шегиўи ҳәм өлтирилиўи, бирақ
үшинши күни қайта тирилиўи ти-
йис екенлигин шәкиртлерине бил-
дире баслады.
22 Петр Ийсаны шетке шақырып
алып, Оған:
– Қудай сақласын, Ийем! Саған
бундай бола көрмесин! – деп қар-
сы сөйлей баслады.
23 Ийса бурылып, Петрге:
– Жоқ бол көзимнен, шайтан! Сен
Маған кесент берип атырсаң. Сен
Қудайдың емес, ал адамның исле-
рин ойлап турсаң, – деди.

### Өзинен кешип, Ийсаға ериў

24 Сонда Ийса Өз шәкиртлерине:
– Ким де ким Маған ергиси келсе,
өзинен кешсин ҳәм өз атанақ аға-
шын арқалап, Мениң изиме ерсин.
25 Өйткени ким де ким өз жанын
сақламақшы болса, оны жоғалта-
ды. Ал ким де ким өз жанын Мен
ушын жоғалтса, оны сақлап қала-
ды. 26 Адам пүткил дүньяны ийелеп
алып, бирақ өз жанын жоғалтса,
буннан оған не пайда? Ол өз жаны

---

a **16:18** *Петр* – грек тилинде «Пэтрос», тас дегенди билдиреди.

ушын қандай төлем бере алады?
[27] Адам Улы Әкесиниң салтанатын-
да Өз периштелери менен бирге ке-
леди. Сонда Ол ҳәр кимге ислеген
ислерине қарай қайтарады. [28] Сиз-
лерге шынын айтаман: усы жерде
турғанлардың гейбиреўлери Адам
Улының Өз Патшалығында кели-
ўин көрмегенше, өлмейди, – деди.

### Ийсаның түр-түсиниң өзгериўи

*(Мрк 9:2-13; Лук 9:28-36)*

**17** [1] Арадан алты күн өткен-
нен соң, Ийса тек Петрди,
Яқыпты ҳәм оның иниси Юхан-
ды қасына алып, бир бийик таўға
шықты. [2] Сонда олардың алдында
Ийсаның түр-түси өзгерди: Оның
жүзи қуяштай жарқырады, кийим-
лери жарық сыяқлы аппақ болды.
[3] Сол ўақытта бирден оларға Ийса
менен сөйлесип турған Мууса ҳәм
Илияс пайғамбарлар көринди.
[4] Сонда Петр Ийсаға:
– Ийем, бизлердиң бул жерде бол-
ғанымыз қандай жақсы! Егер қәле-
сең, мен бул жерге үш қос қураман:
биреўин Саған, биреўин Муўсаға,
биреўин Илиясқа, – деди.
[5] Ол еле сөйлеп турғанда, бир жа-
рық булт оларды қаплады. Булттан:
– Бул – Мениң сүйикли Улым, Мен
Оған ырзаман. Оның айтқанын
тыңлаңлар! – деген саза еситилди.
[6] Буны еситкен ўақытта шәкирт-
лери қатты қорқысып, бет-әлпети-
нен жерге жығылды. [7] Бирақ Ийса
жақынлап келип, оларға қолын
тийгизди де:
– Турыңлар, қорқпаңлар! – деди.
[8] Олар көзлерин ашып жоқары-
ға қарағанда, Ийсадан басқа ҳеш
кимди көрмеди.
[9] Таўдан төмен түсип баратыр-
ғанда, Ийса оларға:
– Адам Улы өлимнен қайта тирил-
месинен бурын, бул көргенлери-
ңизди ҳеш кимге айтпаңлар! – деп
буйырды.
[10] Сонда олар:
– Неге диний муғаллимлер алды
менен Илияс келиўи шәрт дейди? –
деп сорады.
[11] Ийса оларға:
– Дурыс, алды менен Илияс келип
ҳәммесин дүзетеди.[a] [12] Ал Мениң
сизлерге айтатуғыным: Илияс әлле
қашан келген еди, бирақ оны адам-
лар танымады ҳәм оған қәлегенин
иследи. Адам Улы да олардан со-
лай азап шегеди, – деп жуўап берди.
[13] Сонда шәкиртлери Ийсаның
шомылдырыўшы Яқыя ҳаққында
айтып турғанын түсинди.

### Жин урған баланың шыпа табыўы

*(Мрк 9:14-32; Лук 9:37-45)*

[14] Олар халықтың жанына кел-
генде, бир адам Ийсаға жақынлап,
Оның алдында дизе бүкти де:
[15] – Ийем, мениң улыма рехим
ете гөр. Ол қояншық болып аўы-
рып, қатты азап шегип атыр, жийи-
жийи отқа да, суўға да жығылады.
[16] Мен оны Сениң шәкиртлериңе
әкелген едим, бирақ олар шыпа
бере алмады, – деди.
[17] Ийса жуўап қайтарып:
– Ҳәй, исенбейтуғын, адасқан әў-
лад! Мен қашанға дейин сизлер

---

[a] **17:11** Мал 4:5-6.

менен бирге боламан? Қашанға де-
йин сизлерге шыдайман? Оны Ма-
ған, бул жерге әкелиңлер, – деди.
[18] Ийса жинге буйрық бергенде,
ол баладан шығып кетти ҳәм бала
сол ўақытта-ақ шыпа тапты.
[19] Сонда шәкиртлери Ийсаға аў-
лақта келип:
– Бизлер неге жинди қуўып шы-
ғара алмадық? – деп сорады.
[20] Ийса оларға:
– Исенимиңиз аз болғанлықтан.
Мен сизлерге шынын айтып тур-
ман: егер исенимиңиз қышқыл ту-
қымындай ғана болса да, бул таўға:
«Усы жерден ана жерге көш!» де-
сеңлер, ол көшеди. Сизлердиң қо-
лыңыздан келмейтуғын ҳеш нәрсе
болмайды, – деди. [[21] *]

### Ийсаның Өз өлими ҳәм қайта тирилиўи ҳаққында және билдириўи

*(Мрк 9:30-32; Лук 9:43-450*

[22] Шәкиртлериниң ҳәммеси Гали-
лада болғанда, Ийса оларға:
– Адам Улы адамлардың қолына
услап бериледи. [23] Олар Оны өлти-
реди, бирақ Ол үшинши күни қай-
та тириледи, – деди.
Буған олар қатты қапа болды.

### Ибадатхана салығы

[24] Олар Капарнаҳумға келгенде,
еки драхмалық[a] Ибадатхана салы-
ғын жыйнаўшылар Петрдиң жаны-
на келип, оннан:
– Сизлердиң Устазыңыз Ибадат-
хана салығын төлемей ме екен? –
деп сорады.
[25] Петр:
– Аўа, төлейди, – деди.
Ол үйге келгенде, Ийса оннан
бурын:
– Шимон, сен қалай ойлайсаң?
Жер бетиниң патшалары бажылар
менен салықты кимлерден алады?
Өз балаларынан ба ямаса басқа
адамлардан ба? – деп сорады.
[26] Петр:
– Басқа адамлардан, – деди.
Ийса:
– Олай болса, патшаның бала-
лары салық төлеўден азат. [27] Би-
рақ, оларды түсинбеўшиликке
салмаўымыз ушын, көлге бар да,
қармақ салып, ең биринши илин-
ген балықты ал. Оның аўзын аш-
саң, төрт драхмалық бир гүмис
теңгени табасаң. Оны алып, Ме-
ниң менен өзиң ушын оларға тө-
ле, – деди.

### Аспан Патшалығында ең уллы ким?

*(Мрк 9:33-37, 42-48;*
*Лук 9:46-48; 17:1-2)*

**18** [1] Сол ўақытта шәкиртлери
Ийсаның жанына келип:
– Аспан Патшалығында ең уллы
ким? – деп сорады.
[2] Ийса бир кишкене баланы ша-
қырып алып, оны олардың орта-
сына турғызып қойып былай деди:
[3] – Сизлерге шынын айтып тур-
ман: кеўиллериңизди өзгертип, ба-
лалар сыяқлы болмасаңыз, Аспан
Патшалығына кире алмайсыз. [4] Со-
лай етип, ким де ким өзин усы бала
сыяқлы пәс тутса, сол Аспан Пат-
шалығында ең уллы болады. [5] Ал
ким де ким мынадай бир баланы

---

a **17:24** *Еки драхма* – бир драхма жумысшының бир күнлик ис ҳақысы.

Мениң атым ушын қабыл етсе, оның Мени қабыл еткени болады.
[6] Бирақ ким де ким Маған исенетуғын мына кишкенелердиң биреўин азғырса, оның мойнына үлкен дигирман тасы байланып, терең теңиздиң түбине батырылғаны оған жақсырақ болар еди.
[7] Адамларды азғырыўшы нәрселер себепли, дүнья ҳәсирет шегеди! Азғырыўшы нәрселердиң болыўы сөзсиз, бирақ азғырыў ким арқалы келсе, сол адам ҳәсирет шегеди!
[8] Егер сени қолың ямаса аяғың азғырса, оны шаўып тасла. Еки қолың менен ямаса еки аяғың менен мәңгилик отқа тасланғаныңнан гөре, бир қолың ямаса бир аяғың менен өмирге ерискениң өзиңе жақсырақ.
[9] Егер сени көзиң азғырса, оны ойып тасла. Еки көзиң менен дозақ отына тасланғаныңнан гөре, жалғыз көзиң менен өмирге ерискениң өзиңе жақсырақ.
[10] Абайлаңлар, мына кишкенелердиң ҳеш қайсысын да кемситиўши болмаңлар! Себеби сизлерге айтатуғыным: олардың аспандағы периштелери аспандағы Әкемниң жүзин ҳәмме ўақыт көрип турады. [[11] *]

## Жойтылған қой туўралы тымсал

*(Лук 15:3-7)*

[12] – Сизлер қалай ойлайсызлар? Егер биреўдиң жүз қойы болып, оның биреўи жойтылып кетсе, ол тоқсан тоғыз қойын таўда қалдырып, жойтылған бир қойын излемес пе еди?
[13] Сизлерге шынын айтып турман: егер оны таўып алса, жойтылмаған тоқсан тоғыз қойынан гөре, таўып алған жалғыз қойына көбирек қуўанады.
[14] Сол сыяқлы, сизлердиң аспандағы Әкеңиз мына кишкенелердиң биреўиниң де жойтылыўын қәлемейди.

## Бир-бириңизди ҳақ жолға түсириңлер, бирге дуўа етиңлер!

[15] – Егер туўысқаның саған қарсы гүна ислесе, оған бар да, аўлақта сөйлесип, айыбын бетине ашық айт. Егер ол сөзиңди тыңласа, онда туўысқаныңды өзиңе қайтарып алғаның болады.
[16] Егер ол сөзиңди тыңламаса, өзиң менен бирге бир ямаса еки адамды ертип оған бар, өйткени айтылған барлық сөзлериң еки ямаса үш адамның гүўалығында тастыйықланыўы тийис[a].
[17] Егер олардың да сөзин тыңлағысы келмесе, онда исениўшилер жәмәәтине айт. Ал исениўшилер жәмәәтин де тыңлағысы келмесе, онда оны бутқа табыныўшы ҳәм салықшы деп сана.
[18] Сизлерге шынын айтып турман: сизлер жер бетинде нени байласаңыз, сол аспанда да байланады, және де, сизлер жер бетинде нени шешсеңиз, сол аспанда да шешиледи.
[19] Сизлерге және шынын айтаман: жер бетинде сизлердиң екеўиңиз келисип не сорасаңыз, аспандағы Әкем соны береди.
[20] Себеби қай жерде еки ямаса үш адам Мениң атым менен жыйналса, Мен олар менен биргемен.

---

[a] **18:16** Нзм 19:15.

### Реҳимсиз хызметши туўралы тымсал

21 Сонда Петр Ийсаға келип:
– Ийем, маған қарсы гүна ислеген туўысқаныма неше рет кеширим бериўим керек? Жети ретке дейин бе? – деп сорады.
22 Ийса оған:
– Саған жети ретке дейин емес, ал жетпис жердеги жети ретке дейин кеширим бер, деймен.
23 Солай етип, Аспан Патшалығы өз хызметшилери менен қарызын есапласқысы келген бир патшаға уқсайды.
24 Ол есапласа баслағанда, оның алдына оннан он мың талант[a] қарыздар болған биреўди алып келипти.
25 Бирақ ол қарызын төлей алмайтуғын болғанлықтан, патша оған оның өзи менен қосып ҳаялын, балаларын ҳәм барлық малмүлкин сатып, қарызын төлеўди буйырыпты.
26 Сонда хызметши оның аяғына жығылып: «Тақсыр, шыдап турың, мен барлық қарызымды төлеймен!» – деп жалыныпты.
27 Хызметшиге жаны ашыған патша оны босатып, қарызынан кешипти.
28 Ал хызметши сыртқа шығып, өзине жүз динар[b] қарыздар болған бир хызметши жолдасын ушыратып: «Маған беретуғын қарызыңды бер», – деп оны буўындыра баслапты.
29 Сонда оның жолдасы аяғына жығылып: «Шыдап тур, мен қарызымды төлеймен», – деп жалыныпты.
30 Бирақ ол жолдасының сөзин тыңламай, өзине беретуғын қарызын төлемегенше, оны қаматтырып таслапты.
31 Оның басқа хызметши жолдаслары бул ўақыяны көрип, қатты қапа болыпты ҳәм патшаға барып, болған истиң бәрин айтып берипти.
32 Сонда патша оны шақыртып алып, оған: «Ҳәй, жаўыз хызметши! Сен маған жалынғаның себепли ғана барлық қарызыңнан кешкен едим.
33 Мениң саған реҳим еткенимдей, сениң де өз жолдасыңа реҳим етиўиң тийис емес пе еди?» – депти.
34 Патша қәҳәрленип, өзине берилетуғын қарыздың бәрин төлеп болмағанша, оны жазалаўшылардың қолына тапсырыпты.
35 Егер сизлердиң ҳәр бириңиз туўысқаныңыздың гүнасын шын кеўлиңизден кеширмесеңлер, Мениң аспандағы Әкем де сизлерге солай ислейди, – деди.

### Ажырасыў туўралы

*(Мрк 10:1-12)*

19 1 Ийса усы сөзлерди айтып болғаннан соң Галиладан жолға шығып, Иорданның арғы жағасындағы Яҳудия үлкесине барды.
2 Оның изине көп халық ерди, Ол сол жерде оларға шыпа берди.
3 Ийсаның қасына парисейлер келип, Оны сынап көриў ушын:
– Ер адамның ҳәр қыйлы себеп пенен ҳаялынан ажырасыўы нызамға туўры келе ме? – деп сорады.
4 Ийса оларға жуўап қайтарып былай деди:

---

[a] **18:24** *Он мың талант* – бир талант жумысшының он бес жыллық ис ҳақысы.
[b] **18:28** *Жүз динар* – бир динар жумысшының бир күнлик ис ҳақысы.

– Жаратыўшы ең баста оларды
еркек ҳәм ҳаял қылып жаратқа-
нын[a] оқымағансызлар ма? **5** Жә-
не Ол былай деген: «Сонлықтан
ер адам ата-анасын қалдырып, өз
ҳаялына қосылады ҳәм екеўи бир
дене болады»[b]. **6** Солай етип, олар
енди еки емес, ал бир дене болады.
Сол себепли, Қудай қосқанларды
адам ажыратпасын.
**7** Олар Ийсаға:
– Сонда неге Муўса пайғамбар ер
адамға ажырасқанда ҳаялына та-
лақ хат берип ажырасыўды буйыр-
ған?[c] – деди.
**8** Ийса оларға:
– Сизлер тас баўыр болғанлықтан,
Муўса сизлерге ҳаялларыңыз бенен
ажырасыўға рухсат берген. Бирақ
баста олай емес еди. **9** Мениң сиз-
лерге айтатуғыным: ким де ким
өз ҳаялы менен неке ҳадаллығын
бузыўдан басқа себеп пенен ажы-
расып, басқа ҳаял алса, ол неке ҳа-
даллығын бузған болады*, – деди.
**10** Сонда Ийсаның шәкиртлери
Оған:
– Егер ер адамның ҳаялына деген
ўазыйпасы усындай болса, онда
үйленбеген жақсырақ екен, – деди.
**11** Ийса оларға:
– Буны ҳәмме де қабыл ете алмай-
ды, бирақ кимге Қудайдан берилсе,
сол ғана қабыл ете алады. **12** Өйтке-
ни үйленбейтуғын ҳәр түрли адам-
лар бар: гейбиреўлери ақта болып
туўылады, гейбиреўлерин адамлар
ақта қылып таслайды, ал базылары
Аспан Патшалығына хызмет етиў
ушын өз ерки менен үйлениўден
бас тартады. Ким бул сөзди қабыл
ете алса, сол қабыл етсин, – деди.

### Ийсаның балаларға пәтия бериўи

*(Мрк 10:13-16; Лук 18:15-17)*

**13** Сол ўақытта адамлар Ийсаға
олардың үстине қолын қойып ду-
ўа етсин деп, балаларын алып кел-
ди. Ал шәкиртлер оларға кейиди.
**14** Бирақ Ийса:
– Балалардың Маған келиўине
рухсат бериңлер, оларға тосқынлық
жасамаңлар. Себеби Аспан Патша-
лығы усындайлардики, – деди.
**15** Соңынан Ол балалардың үсти-
не қолын қойып дуўа етти де, сол
жерден кетип қалды.

### Байлық ҳәм мәңгилик өмир

*(Мрк 10:17-31; Лук 18:18-30)*

**16** Сонда бир жигит Ийсадан:
– Устаз! Мәңгилик өмирге ийе бо-
лыўым ушын қандай ийгиликли
ислер ислеўим керек? – деп сорады.
**17** Ийса оған:
– Сен неге Меннен ийгилик ҳақ-
қында сорадың? Тек Қудай ғана
ийгиликли. Ал мәңгилик өмирге
ерискиң келсе, Оның буйрықла-
рын орынла, – деди.
**18** Жигит Ийсадан:
– Қандай буйрықларды? – деп
сорады.
Ийса:
– «Адам өлтирме, неке ҳадал-
лығын бузба, урлық islеме, жал-
ған гүўалық берме, **19** ата-анаңды

---

[a] **19:4** Жар 1:27.
[b] **19:5** Жар 2:24.
[c] **19:7** Нзм 24:1.

ҳүрметле[a] ҳәм өзиңди сүйгениң
сыяқлы, жаныңдағы адамды да
сүй!»[b], – деди.
20 Жас жигит Оған:
– Мен булардың ҳәммесин орын-
лап киятырман, және не жетиспей-
ди? – деди.
21 Ийса оған:
– Егер минсиз болғың келсе, ба-
рып барлық мал-мүлкиңди сатып,
ақшасын жарлыларға бер. Сон-
да сениң ғәзийнең аспанда бола-
ды. Соңынан келип, Мениң изиме
ер, – деди.
22 Бул сөзлерди еситкен жас жи-
гит қапа болып, сол жерден кетип
қалды. Өйткени оның байлығы
көп еди.
23 Ийса Өз шәкиртлерине:
– Сизлерге шынын айтып турман:
бай адамның Аспан Патшалығы-
на кириўи қыйын. 24 Тағы сизлерге
айтатуғыным: бай адамның Қудай-
дың Патшалығына кириўинен гө-
ре, түйеге ийнениң көзинен өтиў
аңсатырақ, – деди.
25 Буны еситкен шәкиртлери қат-
ты таң қалысып:
– Олай болса, ким қутқарыла ала-
ды? – деп сорады.
26 Ал Ийса оларға қарап:
– Бул адамлардың қолынан кел-
мейди, бирақ Қудай ушын мүмкин
емес нәрсе жоқ, – деди.
27 Сонда Петр жуўап қайтарып,
Оған:
– Минекей, бизлер ҳәмме нәрсе-
мизди таслап, Сениң изиңе ердик.
Бизлер неге ерисемиз? – деди.
28 Ийса оларға:
– Сизлерге шынын айтып турман:
дүнья жаңаланғаннан соң, Адам Улы
Өзиниң салтанатлы тахтына отыр-
ғанда, Мениң изиме ерип жүрген сиз-
лер де он еки тахтқа отырып, Израил
халқының он еки урыўына ҳүким-
дарлық қыласызлар. 29 Сонда Мениң
атым ушын өз үйлерин, аға-иниле-
рин, апа-қарындасларын, ата-ана-
сын*, балаларын, мал-мүлкин таслап
шыққан ҳәр ким жүз есе артығы ме-
нен алады ҳәм мәңгилик өмирге ийе
болады. 30 Бирақ биринши лердиң
көбиси соңғылар, соңғылардың кө-
биси биринши лер болады, – деди.

### Жүзим бағындағы жумысшылар туўралы тымсал

**20** 1 Ийса және былай деди:
– Аспан Патшалығы өзи-
ниң жүзим бағына жумысшылар-
ды жаллап алыў ушын таң азанда
шыққан үй ийесине уқсайды. 2 Ол
жумысшылар менен күнине бир ди-
нар төлеўге келисип, оларды өзиниң
жүзим бағына жиберипти. 3 Саат то-
ғызлар шамасында шығып, базарда
жумыссыз турған адамларды көрип,
4 оларға: «Сизлер де мениң жүзим
бағыма барыңлар, мен сизлерге ти-
йисли ҳақыларыңызды беремен», –
дегенде, олар барыпты. 5 Ол саат он
екилер шамасында да, түстен кейин
үшлер шамасында да шығып, та-
ғы усылай ислепти. 6 Кешки беслер
шамасында да шығып, еле жумыс-
сыз турған басқа адамларды көрип,
оларға: «Неге бул жерде күн бойы
жумыссыз турсызлар?» – деп сорап-
ты. 7 Олар: «Себеби бизлерди ҳеш

[a] **19:18-19** Шығ 20:12-16; Нзм 5:16-20.
[b] **19:19** Леб 19:18.

ким жаллап алған жоқ», – деп жу-
ўап берипти. Ол: «Сизлер де мениң
жүзим бағыма барып, мийнет етиң-
лер*», – депти. [8] Күн кеш болғанда,
бағдың ийеси өзиниң басқарыўшы
хызметкерине: «Жумысшыларды
шақырып алып, мийнет ҳақыларын
бер. Ең соңғы келгенлеринен бас-
лап, ең алдынғы келгенлери менен
жуўмақла», – депти. [9] Сонда кешки
беслер шамасында келгенлер бир
динардан алыпты. [10] Ең алды менен
келгенлер: «Бизлер көбирек алар-
мыз», – деп ойлапты, бирақ олар да
бир динардан алыпты. [11] Ис ҳақыла-
рын алған олар үй ийесине тоңқыл-
дап: [12] «Мына ең соңында келгенлер
бир саат ғана жумыс иследи. Ал сиз
оларды күни бойы азапланып, ыс-
сыға күйип жумыс ислеген бизлер
менен тең еттиңиз», – депти. [13] Би-
рақ бағдың ийеси жуўап қайтарып,
олардың биреўине: «Ҳәй, достым,
мен саған әдалатсызлық етип турған
жоқпан. Сен мениң менен бир ди-
нарға келискен жоқ па едиң? [14] Ҳа-
қыңды алып, жөниңе кет. Мен мына
соңғы адамға да саған бергенимдей
бергим келеди. [15] Мениң өз ақшам
менен қәлегенимди ислеўиме ерким
жоқ па? Мениң сақыйлығыма иши
тарлық қылып турсаң ба?» – депти.

[16] Солай етип, соңғылар бирин-
шилер, бириншилер соңғылар бо-
лады*.

### Ийсаның Өз өлими ҳәм қайта тирилиўи ҳаққында үшинши рет билдириўи

*(Мрк 10:32-34; Лук 18:31-34)*

[17] Ерусалимге баратырғанда,
Ийса жолда он еки шәкиртин аў-
лаққа шақырып алып, оларға:

[18] – Минекей, бизлер енди Еруса-
лимге қарай көтерилип баратырмыз.
Сол жерде Адам Улы бас руўханий-
лер менен диний муғаллимлердиң
қолына услап бериледи. Олар Оны
өлимге ҳүким етип, [19] Оны масқа-
ралаў, сабаў, атанақ ағашқа шегелеў
ушын, басқа миллет адамларына
тапсырады. Бирақ Ол үшинши кү-
ни қайта тириледи, – деди.

### Яқып ҳәм Юханның анасының өтиниши

*(Мрк 10:35-45)*

[20] Сол ўақытта Зебедейдиң улла-
рының анасы уллары менен Ийса-
ның қасына келди. Оның аяғына
жығылып, бир нәрсе сорамақшы
болды.

[21] Ийса оннан:

– Тилегиң не? – деп сорады.

Ҳаял Оған:

– Өз патшалығында усы еки улым-
ның биреўин оң жағыңа, екинши-
син сол жағыңа отырғызыўды ўәде
ет, – деди.

[22] Ал Ийса жуўап қайтарып:

– Сизлер не сорап турғаныңызды
билмейсизлер. Сизлер Мен ишету-
ғын азап кесесинен ише аласызлар
ма?* – деди.

Олар:

– Аўа, ише аламыз, – деди.

[23] Ийса оларға:

– Мениң кесемнен ишесизлер*.
Бирақ, Өзимниң оң жағым менен
сол жағыма отырғызыў Мениң ер-
кимде емес. Әкем кимлерге арна-
ған болса, солар отырады, – деди.

[24] Буны еситкен он шәкирти аға-
лы-инили екеўине ашыўланып қал-
ды. [25] Бирақ Ийса оларды қасына
шақырып алып, былай деди:

– Басқа миллетлер арасында ҳүкимдарлары халыққа зулымлық етип, басшылары үстемлик пенен басқаратуғынын билесизлер. [26] Бирақ, сизлердиң араңызда бундай болмасын. Араңызда ким уллы болғысы келсе, сол сизлерге хызметши болыўы шәрт. [27] Араңызда ким биринши болғысы келсе, сол сизлерге қул болыўы шәрт. [28] Адам Улы Өзине хызмет еттириўге емес, ал Өзи хызмет етиўге ҳәм көплердиң азатлық қунын төлеў ушын, Өз жанын бағышлаўға келди.

### Ийсаның еки соқырға шыпа бериўи

*(Мрк 10:46-52; Лук 18:35-43)*

[29] Олар Ерихо қаласынан шыққанда, көп халық Ийсаның изине ерди. [30] Сонда жолдың шетинде отырған еки соқыр адам Ийсаның өтип баратырғанын еситип:

– Ийем, Даўыттың Урпағы! Бизлерге реҳим ете гөр! – деп бақырды.

[31] Халық үнлерин шығармаўды айтып, оларға кейиди. Бирақ олар оннан да бетер қатты бақырып:

– Ийем, Даўыттың Урпағы! Бизлерге реҳим ете гөр! – деди.

[32] Ийса тоқтап, оларды шақырып алды да:

– Мениң өзлериңиз ушын не ислеўимди қәлейсизлер? – деп сорады.

[33] Олар:

– Ийем, көзлеримизди ашыўыңды, – деп жуўап берди.

[34] Ийса оларға жаны ашып, көзлерине қолын тийгизди. Сол ўақытта-ақ олардың көзлери ашылып, Оның изине ерди.

### Ийсаның Ерусалимге салтанатлы түрде кириўи

*(Мрк 11:1-11; Лук 19:28-40; Юхн 12:12-19)*

**21** [1] Олар Ерусалимге жақынлап, Зәйтүн таўының етегиндеги Бетфаге деген аўылға келгенде, Ийса еки шәкиртин жумсап, [2] оларға былай деди:

– Қарсы алдыңыздағы аўылға барыңлар. Оған кириўден-ақ, байлаўлы турған ешек пенен гүррени табасызлар. Оларды шешип алып, Маған әкелиңлер. [3] Егер биреў сизлерге бир нәрсе десе, сизлер: «Олар Ийемизге керек», – деп айтыңлар, ол оларды сол ўақытта-ақ жибереди.

[4] Бул пайғамбар арқалы айтылған мына сөзлердиң орынланыўы ушын болды:

[5] «Қыз Сионға[a] айтыңлар:
Мине, сениң Патшаң ешекке,
жас ешекке,
Гүрреге минип кишипейиллик
пенен саған киятыр!»[b]

[6] Шәкиртлери барып, Ийсаның буйырғанын иследи. [7] Олар ешекти гүрреси менен алып келип, шапанларын үстине жапты, Ийса гүррреге минип алды. [8] Халықтың көпшилиги өз шапанларын жолға төсеп, басқалары тереклерден шақа кесип алып жолға жайды. [9] Алдыартында ерип киятырған халық қуўанысып:

---

a **21:5** *Қыз Сион* – Ерусалим.
b **21:5** Зхр 9:9.

– Даўыттың Урпағына ҳосанна![a]
Жаратқан Ийениң аты менен
келетуғын жарылқансын!
Ең жоқарыда ҳосанна![b] – деп
бақырысты.
10 Ийса Ерусалимге кирип келген-
де, пүткил қала жанланып:
– Бул ким? – деп сорады.
11 Халық:
– Бул – Ийса, Галиладағы Насы-
радан шыққан пайғамбар, – деди.

### Ийсаның Ибадатханадан сатыўшыларды қуўыўы

*(Мрк 11:15-19; Лук 19:45-48; Юхн 2:13-22)*

12 Ийса Ибадатханаға кирип, ол
жерден сатыўшылар менен алыў-
шылардың ҳәммесин қуўып шығар-
ды да, ақша алмастырыўшылардың
столларын, кептер сатыўшылар-
дың отырғышларын аўдарып тас-
лап, 13 оларға:
– «Мениң Үйим дуўа ететуғын
үй деп аталады»[c], – деп Мухаддес
Жазыўда жазылған, ал сизлер оны
қарақшылардың уясына айландыр-
дыңлар![d] – деди.
14 Ибадатханада Ийсаның қасы-
на соқырлар ҳәм ақсақлар келгенде,
Ол оларға шыпа берди. 15 Бас руў-
ханийлер ҳәм диний муғаллимлер
Ол ислеген кәраматларды ҳәм Иба-
датханада: «Даўыттың Урпағына
ҳосанна!» – деп бақырысқан ба-
лаларды көрип, ашыўланып қал-
ды да, 16 Оған:
– Олардың не деп атырғанын еси-
тип турсаң ба? – деди.
Ийса оларға:
– Аўа! Сизлер: «Нәрестелер ҳәм
емизиўли балалардың аўзынан,
Өзиңе мақтаўлар айтқыздың»[e], –
деп Мухаддес Жазыўда айтылған-
ды ҳеш оқымағансызлар ма? – деди.
17 Соннан соң, Ийса оларды қал-
дырып, қаладан шығып кетти ҳәм
Бетанияға барып, сол жерде түнеди.

### Қуўрап қалған әнжир ағашы

*(Мрк 11:12-14, 20-24)*

18 Ерте азанда Ийса қалаға қай-
тып киятырғанда, аш болды. 19 Жол
бойында бир әнжир ағашын көрип,
оның қасына барды. Бирақ оннан
жапырақларынан басқа ҳеш нәрсе
таппағаннан соң, ағашқа:
– Буннан былай, сенде мәңгиге
ҳеш жемис өспесин, – деди.
Әнжир ағашы сол ўақытта-ақ
қуўрап қалды. 20 Шәкиртлери бу-
ны көргенде таң қалысып:
– Бул әнжир ағашы қалайынша
дәрриў қуўрап қалды? – деп сорады.
21 Ийса оларға жуўап берип:
– Сизлерге шынын айтып турман:
егер гүмансыз исенсеңлер, тек ән-
жир ағашына ислегенимдей ғана
емес, ҳәтте мына таўға: «Орныңнан
көтерилип, теңизге қула!» – десе-
ңиз, айтқаныңыз болады. 22 Егер
исеним менен дуўа етсеңлер, не
сорасаңлар да, ҳәммесин аласыз-
лар, – деди.

---

a **21:9** *Ҳосанна!* – «Қутқара гөр!» деген мәнисте. Қудайды алғыслағанда айтылады.
b **21:9** Заб 117:25-26.
c **21:13** Ийш 56:7.
d **21:13** Ерм 7:11.
e **21:16** Заб 8:3.

## Ийсаның бийлиги ҳаққында сораў

*(Мрк 11:27-33; Лук 20:1-8)*

23 Ийса Ибадатханаға кирип, тә-
лим берип отырғанда, Оған бас
руўханийлер менен халық ақса-
қаллары келип:
– Бул ислерди қандай бийлик
пенен ислеп жүрсең ҳәм бундай
бийликти Саған ким берди? – деп
сорады.
24 Ийса жуўап қайтарып:
– Мен де сизлерге бир сораў бере-
йин. Егер оның жуўабын берсеңи-
лер, Мен де сизлерге бул ислерди
қандай бийлик пенен ислейтуғы-
нымды айтаман. 25 Яқыя адамлар-
ды шомылдырыў ушын қаяқтан
бийлик алды? Аспаннан ба ямаса
адамлардан ба? – деди.
Олар өз ара ойласып: «Егер „ас-
паннан“ десек, Ол бизлерге: „Сонда
неге оған исенбедиңлер“, – дей-
ди. 26 Ал егер „адамлардан“ десек
халықтан қорқамыз: ҳәммеси де
Яқыяны пайғамбар деп есаплай-
ды!» – дести.
27 Сонлықтан олар Ийсаға:
– Билмеймиз, – деп жуўап берди.
Ол:
– Ондай болса, Мен де сизлерге
бул ислерди қандай бийлик пе-
нен ислейтуғынымды айтпайман, –
деди.

## Еки ул туўралы тымсал

28 – Сизлер қалай ойлайсызлар:
бир адамның еки улы болыпты. Ол
биринширисине барып: «Балам, сен
бүгин жүзим бағына барып, жумыс
исле», – депти. 29 Ол: «Бармай-
ман», – деп жуўап берипти. Бирақ
соңынан өкинип, барыпты. 30 Соң
әкеси екинши улына барып, оған да
солай депти. Ол: «Яқшы, аға, бара-
ман», – деп жуўап берипти, бирақ
бармапты.
31 Усы екеўиниң қайсысы әкеси-
ниң тилегин орынлаған болады? –
деп сорады Ийса.
– Биринши, – деп жуўап қай-
тарды олар.
Ийса оларға былай деди:
– Сизлерге шынын айтып тур-
ман: салықшылар ҳәм бузық ҳа-
яллар Қудайдың Патшалығына
сизлерден бурын киреди. 32 Өйт-
кени Яқыя сизлерге ҳақ жолды
көрсетиў ушын келген еди, бирақ
сизлер оған исенбедиңлер. Ал са-
лықшылар менен бузық ҳаяллар
оған исенди, бирақ сизлер буны
көргеннен кейин де тәўбе етпедиң-
лер ҳәм исенбедиңлер.

## Жаўыз дийханлар ҳаққында тымсал

*(Мрк 12:1-12; Лук 20:9-19)*

33 – Енди басқа бир тымсалды
тыңлаңлар: бир үй ийеси болыпты.
Ол жүзим бағын отырғызып, оны
дийўал менен қоршапты, шарап ис-
кенжесин қазып, гүзет минарасын
орнатыпты. Соңынан бағын дий-
ханларға ижараға берип, өзи узақ
жерге кетип қалыпты. 34 Зүрәәт
жыйнайтуғын мәўсим жақынла-
ғанда, ол өзине тийисли үлесин
алыў ушын, дийханларға хызмет-
шилерин жиберипти. 35 Дийханлар
оның хызметшилерин услап алып,
олардың биреўин сабап, екинши-
син өлтирип, ал және биреўин тас
боран қылыпты. 36 Соңынан бағ-
дың ийеси бурынғыдан да көп

басқа хызметшилерин жибергенде,
оларға да солай ислепти. 37 Ең ақы-
рында ол: «Улымды ҳүрмет етер»
деп, оларға өз улын жиберипти.
38 Бирақ дийханлар оның улын кө-
рип, бир-бирине: «Бул – мийрас-
хор-ғо. Жүриңлер, оны өлтирип,
мийрас мүлкине ийе болайық», –
десипти. 39 Олар оны услап алып,
жүзим бағынан сыртқа шығарып
өлтирипти.
40 Енди жүзим бағының ийеси
келгенде, сол дийханларға не қы-
лады?
41 Олар Ийсаға:
– Ол бул жаўызларды реҳимсиз-
лик пенен өлтиреди де, жүзим
бағын ўақтында жемисин берип
туратуғын басқа дийханларға ижа-
раға береди, – деди.
42 Ийса оларға былай деди:
– Сизлер Мухаддес Жазыўлар-
да мына сөзлерди оқымағансыз-
лар ма?

«Қурылысшылардың керексиз
деп таслаған тасы,
Үйдиң мүйешиниң тийкарғы
тасы болды.
Жаратқан Ийе қылған бул ис,
Көзимизге әжайып көринди!»[a]

43 Сонлықтан Мениң сизлерге
айтатуғыным: Қудай Өз Патша-
лығын сизлерден тартып алады
да, оны жемисин берип туратуғын
халыққа береди. 44 Сол тасқа түс-
кен адамның шыл-пәршеси шыға-
ды. Тас кимниң үстине түссе, соны
женшип таслайды.
45 Бас руўханийлер менен па-
рисейлер Ийсаның айтқан тым-
салларын еситкеннен соң, Оның
өзлери ҳаққында айтқанын түси-
нип, 46 Оны қолға алыўға тырысты.
Бирақ халықтан қорқты, себеби
халық Оны пайғамбар деп санай-
туғын еди.

### Үйлениў тойы туўралы тымсал

*(Лук 14:15-24)*

**22** 1 Ийса оларға тымсаллар
менен сөзин даўам етип,
былай деди:
2 – Аспан Патшалығы бир пат-
шаның өз баласының үйлениў то-
йын бергенине уқсайды. 3 Тойға
мирәт етилгенлерди шақырып ке-
лиў ушын, патша хызметшилерин
жиберипти. Бирақ олардың кел-
гиси келмепти. 4 Сонда ол және
басқа хызметшилерин жиберип:
«Мирәт етилгенлерге айтыңлар:
мине, мен зыяпатымды таярлап
қойдым, өгизлерим де, семиртил-
ген малларым да сойылды, ҳәмме-
си де тайын. Тойға келсин!» – деп
айтып қалыпты. 5 Бирақ, мирәт
етилгенлер оның сөзине кеўил аў-
дармапты: кимиси егислик жерине,
кимиси саўда-сатығына кетипти.
6 Ал гейбиреўлери патшаның хыз-
метшилерин услап алып, хорлап
өлтирипти. 7 Буны еситкен патша
қәҳәрленип, өзиниң әскерлерин
жиберипти. Сол жынаятшыларды
өлтиртип, олардың қалаларын өр-
тетип жиберипти. 8 Сонда ол өзи-
ниң хызметшилерине: «Тойдың асы
таяр, бирақ мирәт етилгенлер ыла-
йықсыз болды. 9 Сонлықтан енди
сизлер жол дәрбентлерине барып,
ушыратқанларыңыздың бәрин

---

[a] **21:42** Заб 117:22-23.

тойға шақырып келиңлер», – депти.
10 Сонда хызметшилери жолларға
шығып, ушыратқанларының бәрин
де: жақсысы болсын, жаманы болсын, шақырып жыйнап келипти.
Тойхана қонақларға толы болыпты.
11 Патша қонақларды көриўге
киргенде, той кийимин киймеген
биреўге көзи түсип,
12 оған: «Ҳәй, достым, сен бул жерге той кийимисиз қалай киргенсең?» – депти. Бирақ ол үндемепти.
13 Сонда
патша хызметшилерине буйырып,
былай депти: «Мынаның аяқ-қолын байлап, сыртқа, қараңғылыққа таслаңлар! Ол сол жерде жылап,
пушайман жейди».
14 Өйткени мирәт етилгенлер көп,
ал таңлап алынғанлар аз.

### Салық төлеў туўралы

*(Мрк 12:13-17; Лук 20:20-26)*

15 Сонда парисейлер сыртқа шығып кетип, Ийсаны қалай сөзинен
тутыў туўралы ойласа баслады.
16 Оған Ҳиродтың тәрепдарлары
менен бирге өзлериниң шәкиртлерин жиберип, былай деп айтқызды:
– Устаз! Бизлер Сениң дурыс адам
екениңди ҳәм жағымпазлық етпейтуғыныңды билемиз. Өйткени Сен
адамлардың бет-жүзине қарамайсаң.
17 Солай етип, бизлерге айтшы,
Сен мынаған қалай қарайсаң: Рим
императорына салық төлеў дурыс
па ямаса надурыс па?
18 Бирақ Ийса олардың ҳарам нийетин билип, оларға:
– Ҳәй, еки жүзлилер! Сизлер Мени
неге сынап атырсызлар?
19 Маған
салық теңгесин көрсетиңлер, – деди.
Олар Оған бир динар әкелип берди.
20 Ол:
– Бунда кимниң сүўрети бар ҳәм
кимниң аты жазылған? – деп сорады.
21 Олар:
– Рим императорының, – деп жуўап берди.
Сонда Ийса:
– Олай болса, императордың ҳақын императорға, Қудайдың ҳақын
Қудайға бериңлер, – деди.
22 Олар буны еситип, таң қалысты
ҳәм Оның жанынан кетип қалды.

### Қайта тирилиў туўралы сораў

*(Мрк 12:18-27; Лук 20:27-40)*

23 Қайта тирилиў жоқ, деўши саддукейлер сол күни Ийсаға келип,
былай деп сораў қойды:
24 – Устаз! Мууса: «Биреў баласы
болмай өлсе, изинде қалған жесирине иниси үйленип, ағасының урпағын даўам еттирсин»,[a] – деген-ғо.
25 Бизде ағайинли жети жигит бар
еди. Олардың биринши үйленип, қайтыс болды, баласы болмағанлықтан, ҳаялы инисине қалды.
26 Екиншисине де, үшиншисине де,
ҳәтте, жетиншисине де солай болды.
27 Бәринен кейин ҳаялдың өзи
де қайтыс болды.
28 Ал енди қайта
тирилгенде ҳаял жетеўиниң қайсысының ҳаялы болады? Ол олардың
ҳәммесине де ҳаял болған еди-ғо.
29 Ийса оларға жуўап қайтарып
былай деди:
– Сизлер Мухаддес Жазыўларды
да, Қудайдың қүдиретин де билмегенликтен алжасып турсызлар.
30 Өйткени адамлар қайта тирилиўде үйленбейди де, турмысқа да

a **22:24** Нзм 25:5-6.

шықпайды, ал аспандағы периш-
телер сыяқлы болады. 31 Өлген-
лердиң қайта тирилиўи туўралы
Қудайдың сизлерге айтқанларын
оқымағансызлар ма? 32 Қудай: «Мен
Ибрайымның Қудайыман, Ысақ-
тың Қудайыман, Яқыптың Қудайы-
ман»[a], – деген. Қудай өлилердиң
емес, ал тирилердиң Қудайы.
33 Буны еситкен халық Оның тә-
лиматына таң қалды.

### Ең баслы буйрық

*(Мрк 12:28-34; Лук 10:25-28)*

34 Ийсаның саддукейлерди сөй-
летпей таслағанын еситкен па-
рисейлер бир жерге жыйналды.
35 Олардың арасынан бир нызам
муғаллими Ийсаны сынамақшы
болып, 36 Оннан:
– Устаз! Мухаддес Нызамдағы ең
баслы буйрық қайсы? – деп сорады.
37 Ийса оған:
– «Қудайың Жаратқан Ийени
шын жүректен, жан-тәниң ҳәм
пүткил ақыл-ойың менен сүй»[b].
38 Бул – биринши ҳәм ең баслы буй-
рық. 39 Екиншиси де сол сыяқлы:
«Өзиңди сүйгениң сыяқлы, жаның-
дағы адамды да сүй»[c]. 40 Пүткил
Мухаддес Нызам да, пайғамбар-
лардың Жазыўлары да усы еки буй-
рыққа тийкарланған, – деди.

### Масийх кимниң Урпағы?

*(Мрк 12:35-37; Лук 20:41-44)*

41 Парисейлер жыйналып бол-
ғаннан соң, Ийса олардан:
42 – Масийх ҳаққында не ойлай-
сызлар? Ол кимниң урпағы? – деп
сорады.
– Ол Даўыттың Урпағы, – деди
олар.
43 Ийса олардан:
– Олай болса, Даўыт Мухаддес
Руўхтан илҳамланып, Масийхты
қалайынша «Ийем» деп атаған?
Ол былай деген-ғо:
44 «Жаратқан Ийе Ийеме айтты:
„Душпанларыңды аяғыңның
астына бастырмағанымша,
Мениң оң жағымда отыр“»[d].
45 Солай етип, Даўыт Оны «Ийем»
деп атаған болса, Ол қалайынша
оның урпағы болады? – деп сорады.
46 Оған ҳеш ким де жуўап бере ал-
мады ҳәм сол күннен баслап, Оған
сораў бериўге ҳеш кимниң батылы
бармады.

### Ийсаның диний муғаллимлер менен парисейлерди айыплаўы

*(Мрк 12:38-40;
Лук 11:39-51; 13:34-35; 20:45-47)*

**23** 1 Сонда Ийса халыққа ҳәм
Өзиниң шәкиртлерине бы-
лай деди:
2 – Муўсаның орынлығына ди-
ний муғаллимлер менен парисей-
лер отырды. 3 Сонлықтан олардың
сизлерге айтқанларының ҳәмме-
син де орынлаңлар. Бирақ, олар-
дың ислегенин ислемеңлер. Себеби
олар айтады, бирақ айтқанларын
өзлери ислемейди. 4 Олар көтерип

---

a **22:32** Шығ 3:6.
b **22:37** Нзм 6:5.
c **22:39** Леб 19:18.
d **22:44** Заб 109:1.

жүриўге қыйын аўыр жүклерди
байлап, адамлардың ийнине са-
лып, көтертеди. Ал өзлери олар-
ды бармағы менен де қозғағысы
келмейди. 5 Олар барлық ислерин
адамлардың көзине түсиў ушын ға-
на ислейди. Ишине Қудайдың Сө-
зи жазып салынған қутыларының
көлемин үлкейтип, маңлайларына
байлап, кийимлериниң шашақла-
рын узын етип қояды. 6 Олар зыя-
патларда төрде, мәжилисханаларда
сыйлы орында отырғанды жақсы
көреди. 7 Базар майданларында
өзлерине сыйлап сәлем бергенди
ҳәм өзлерин «устаз» деп атаўын
унатады. 8 Ал сизлер өзлериңизди
«устаз» деп ататпаңлар, өйткени
сизлердиң жалғыз-ақ Устазыңыз
бар. Сизлердиң бәриңиз бир-бири-
ңизге туўысқансыз. 9 Жер жүзинде
ҳеш кимди де «әке» деп атамаң-
лар, өйткени сизлердиң жалғыз-ақ
Әкеңиз бар, Ол аспанда. 10 Өзлери-
ңизди «жолбасшы» деп те ататпаң-
лар, себеби сизлердиң жалғыз-ақ
жолбасшыңыз бар, Ол – Масийх.
11 Араңыздағы ең уллыңыз сиз-
лердиң хызметшиңиз болсын.
12 Өйткени ким де ким өзин жоқа-
ры тутса, ол пәслетиледи, ким де
ким өзин пәс тутса, ол мәртебели
қылынады.

13 Ҳәсирет шегесизлер, диний му-
ғаллимлер ҳәм парисейлер, еки
жүзлилер! Себеби сизлер адамлар-
ға Аспан Патшалығының есигин
жабасызлар. Өзлериңиз де кир-
мейсизлер, киргиси келгенлерди
де киргизбейсизлер. [14 *]

15 Ҳәсирет шегесизлер, диний му-
ғаллимлер ҳәм парисейлер, еки
жүзлилер! Сизлер өз диниңизге бир
адамды болса да киргизиў ушын
теңизди де, қурғақлықты да айла-
нып шығасызлар. Ал киргизгеннен
соң, оны өзлериңизден де еки есе
жаман дозақы қыласызлар.

16 Ҳәсирет шегесизлер, соқыр же-
телеўшилер! Сизлер былай дей-
сизлер: «Ким де ким Ибадатхана
менен ант етсе, ол антын орын-
лаўға миннетли емес, ал ким де
ким Ибадатханадағы алтын менен
ант етсе, ол антын орынлаўға мин-
нетли». 17 Ҳәй, ақылсыз соқырлар!
Қайсысы уллырақ: алтын ба яма-
са алтынды мухаддес қылатуғын
Ибадатхана ма? 18 Және де: «Ким
де ким қурбанлық орын менен ант
етсе, ол антын орынлаўға миннетли
емес, ал ким де ким оның үстиндеги
қурбанлық пенен ант етсе, ол ан-
тын орынлаўға миннетли», – дей-
сизлер. 19 Ҳәй, соқырлар! Қайсысы
уллырақ: қурбанлық па ямаса қур-
банлықты мухаддес қылатуғын
қурбанлық орын ба? 20 Солай етип,
қурбанлық орын менен ант етиў-
ши адам орын менен де, орынның
үстиндегилердиң ҳәммеси менен
де ант еткен болады. 21 Ибадатха-
на менен ант етиўши адам Ибадат-
хана менен де, онда жасайтуғын
Қудай менен де ант еткен болады.
22 Аспан менен ант етиўши адам
Қудайдың тахты менен де, оның
үстинде отырған Қудай менен де
ант еткен болады.

23 Ҳәсирет шегесизлер, диний
муғаллимлер ҳәм парисейлер, еки
жүзлилер! Сизлер жалбыз, анис,
зире сыяқлы өсимликлердиң оннан
бирин бересизлер, бирақ Мухад-
дес Нызамдағы ең баслыларына:
әдилликке, мийрим-шәпәәтке ҳәм

садықлыққа кеўил бөлмейсизлер.
Буны да ислеп, оны да қалдырма-
ўыңыз керек еди. 24 Ҳәй, ширкей-
ди сүзип таслап, түйени жутатуғын
соқыр жетелеўшилер!
25 Ҳәсирет шегесизлер, диний
муғаллимлер ҳәм парисейлер, еки
жүзлилер! Сизлер табақ-кесениң
сыртын тазалайсызлар, бирақ
олардың иши нәпсиқаўлық ҳәм жү-
ўенсизликке толған. 26 Ҳәй, соқыр
парисей! Сен дәслеп табақ-кесениң
ишин тазала, сонда олардың сыр-
ты да таза болады.
27 Ҳәсирет шегесизлер, диний
муғаллимлер ҳәм парисейлер, еки
жүзлилер! Сизлер ҳәкленген қә-
бирлерге уқсайсызлар: олар сыр-
тынан сулыў болып көринсе де,
иши өликлердиң сүйеклери менен
патаслыққа толған. 28 Сол сыяқ-
лы сизлер де сыртыңыздан адам-
ларға өзлериңизди ҳақ адам етип
көрсетесизлер, бирақ ишлериңиз
еки жүзлилик пенен нызамсыз-
лыққа толы.

### Жазаларыңызды тартасызлар!

29 – Ҳәсирет шегесизлер, ди-
ний муғаллимлер ҳәм пари-
сейлер, еки жүзлилер! Сизлер
пайғамбарларға мазарлар орна-
тасызлар. Ҳақ адамлардың ес-
теликлерин безеп: 30 «Егер де
ата-бабаларымыздың заманын-
да өмир сүргенимизде, пайғам-
барлардың қанын төгиўде оларға
шерик болмас едик», – дейсиз-
лер. 31 Солай етип, өзлериңиздиң
пайғамбарларды өлтиргенлердиң
урпағы екенлигиңизди дәлиллей-
сизлер. 32 Ата-бабаларыңыздың
ислеген гүналарының мөлшерин
толықтыра бериңлер! 33 Жыланлар,
уўлы жыланлардың тұқымлары!
Сизлер қалай етип дозақ жазасы-
нан қашып қутылмақшысызлар?
34 Сол себепли Мен сизлерге пай-
ғамбарларды, даналарды, диний
муғаллимлерди жиберемен. Сиз-
лер олардың гейбиреўлерин өл-
тиресизлер, гейбиреўлерин атанақ
ағашқа шегелейсизлер, басқаларын
мәжилисханаларыңызда қамшы-
лап, қаладан-қалаға қуўдалайсыз-
лар. 35 Солай етип, ҳақ Абылдың[a]
қанынан баслап, Ибадатханадағы
Мухаддесхана менен қурбанлық
орынның арасында сизлер өлтир-
ген Барақияның улы Зехарияның[b]
қанына дейин, жер бетинде төгил-
ген ҳақ адамлардың қанларының
бәри де сизлердиң мойынларыңыз-
ға жүкленеди. 36 Сизлерге шынын
айтып турман: булардың ҳәммеси
ушын усы әўлад жазаға тартылады.

### Ийсаның Ерусалим туўралы қайғырыўы

37 – Оҳ, Ерусалим, Ерусалим!
Пайғамбарларды өлтириўши,
Қудайдың саған жибергенлерин
тас боран қылыўшы қала! Өз шө-
желерин қанатының астына алған
мәкийен сыяқлы, Мен де сениң
балаларыңды неше рет жыйна-
мақшы болдым, бирақ сизлер қә-
лемедиңлер. 38 Мине, үйиңизди
Қудай таслап кетип, ол қаңырап

---

[a] **23:35** Жар 4:8.
[b] **23:35** 2Жлн 24:20-22.

қалады. 39 Сизлерге айтатуғыным:
«Жаратқан Ийениң аты менен келе-
туғын жарылқансын!»[a] – деп айт-
қанларыңызға дейин Мени қайтып
көрмейсизлер.

### Ийсаның Ибадатхананың қыйралыўын болжаўы

*(Мрк 13:1-13; Лук 21:5-19)*

**24** 1 Ийса Ибадатханадан шы-
ғып баратырғанда, шә-
киртлери Оған Ибадатхананың
иморатларын нусқап көрсетиў ушын
қасына келди. 2 Сонда Ийса оларға:
– Мыналардың бәрин көрип тур-
сызлар ма? Сизлерге шынын айтып
турман: бул жерде тас үстинде тас
қалмайды, ҳәммеси қыйратыла-
ды, – деди.
3 Соннан соң, Ол Зәйтүн таўын-
да отырғанда шәкиртлери аўлақта
Оның қасына келип:
– Устаз, буның қашан болатуғы-
нын бизлерге айтып бер. Сениң
келиўиңди ҳәм усы заманның ақы-
рын қандай белги билдиреди? – деп
сораў қойды.
4 Ийса оларға былай деп жуўап
берди:
– Биреўлердиң сизлерди алдаўы-
нан сақ болыңлар! 5 Себеби көплер
Мениң атым менен келип: «Мен –
Масийхпан» деп, көп адамларды
алдайды. 6 Сизлер урыслардың
шаўқымын ҳәм урыслар туўралы
хабарларды еситесизлер, бирақ
қәўетерленбеңлер. Булардың бо-
лыўы шәрт, бирақ бул еле ақыры
емес. 7 Өйткени миллет миллет-
ке қарсы, патшалық патшалыққа
қарсы көтериледи, көп жерлерде
ашаршылықлар ҳәм жер силкиниў-
лер болады. 8 Ал булардың ҳәмме-
си толғақ азабының басланыўына
уқсайды.
9 Сонда сизлерди қыйнаўға услап
береди ҳәм өлтиреди. Мениң атым
ушын барлық халықлар сизлерди
жек көреди. 10 Сонда көп адамлар
исенимнен қайтады, бир-бирине
сатқынлық ислеп, бир-бирин жек
көреди. 11 Көплеген жалған пай-
ғамбарлар пайда болып, көп адам-
ларды алдайды. 12 Нызамсызлық
көбейгенликтен, көп адамлардың
сүйиспеншилиги суўыйды. 13 Би-
рақ, ақырына дейин шыдаған қут-
қарылады. 14 Аспан Патшалығы
туўралы Хош Хабар пүткил жер
жүзине жәрияланып, барлық ха-
лықларға гүўалық болады. Сон-
нан кейин, усы заманның ақыры
келеди.

### Ең уллы апат

*(Мрк 13:14-23; Лук 21:20-24)*

15 – Ал Даниел пайғамбар ал-
дын ала айтқан ўайран қылатуғын
жеркенишли бир заттың мухаддес
орында турғанын көргениңизде[b], –
пайғамбардың жазыўын оқыған
адам бул заттың мәнисин түсин-
син, – 16 Яҳудиядағылар таўлар-
ға қашсын. 17 Ким де ким тамның
төбесинде болса, үйинен бир нәр-
се алыў ушын төменге түспесин.
18 Ким де ким атызда болса, шапа-
нын алыў ушын изине қайтпасын.
19 Сол күнлери жүкли ҳәм емизиўли
ҳаялларға қандай қыйын болады!

---

[a] **23:39** Заб 117:26.
[b] **24:15** Дан 9:27; 11:31; 12:11.

20 Қашатуғын ўақытларыңыз қыс
мәўсимине ямаса Шаббат күнине[a]
туўры келмесин деп, дуўа етиң-
лер. 21 Себеби сонда дүнья жара-
тылғаннан бери усы күнге дейин
болмаған ҳәм қайтып болмайту-
ғын уллы апат болады. 22 Егер сол
күнлер қысқартылмағанда, ҳеш
ким де қутқарылмаған болар еди,
бирақ таңлап алынғанлар ушын,
сол күнлерди қысқартады.

23 Сонда егер сизлерге биреў:
«Қараңлар, Масийх бул жерде!»
ямаса: «Ол ана жерде» десе исен-
беңлер. 24 Өйткени жалған ма-
сийхлар ҳәм жалған пайғамбарлар
пайда болып, егер мүмкин бол-
са, таңлап алынғанларды да алдаў
ушын, уллы кәраматлы белгилер
ҳәм таң қаларлық ислерди көрсе-
теди. 25 Дыққат етиңлер! Мен сиз-
лерге алдын ала айтып атырман.

26 Солай етип, егер сизлер-
ге: «Мине, Ол шөлистанда!» десе,
шықпаңлар ямаса: «Ол жасырын
бөлмелерде» десе, исенбеңлер.
27 Себеби Адам Улының келиўи
шығыста пайда болып, аспан бой-
лап батысқа зуўлап өткен жылды-
рымдай болады.

28 Өлик қай жерде болса, қузғын-
лар сол жерге жыйналады.

### Адам Улының қайта келиўи

*(Мрк 13:24-27; Лук 21:25-28)*

29 – Сол күнлердиң апатынан соң,
«Бирден қуяш қараңғыланады,
Ай өз жақтысын түсирмейди,
Жулдызлар аспаннан түсип,
Аспан күшлери силкинеди»[b].

30 Сонда аспанда Адам Улының
кәраматлы белгиси көрингенде,
жер жүзиндеги барлық халықлар
жылай баслайды. Олар Адам Улы-
ның уллы қүдирет ҳәм салтанат пе-
нен аспандағы бултлардың үстинде
киятырғанын көреди.[c] 31 Кәрнай-
дың күшли даўысы менен Ол Өзи-
ниң периштелерин жибереди ҳәм
олар дүньяның төрт тәрепинен, ас-
панның бир шетинен баслап екин-
ши шетине дейин, Оның таңлап
алғанларын жыйнап келеди.

### Әнжир ағашын мысалға алыңлар!

*(Мрк 13:28-31; Лук 21:29-33)*

32 – Әнжир ағашын мысалға
алыңлар: оның шақалары жумса-
рып, жапырақ шығара баслағанда,
жаздың жақын екенин билесиз-
лер. 33 Сол сыяқлы, сизлер усылар-
дың ҳәммесин көргениңизде Адам
Улының жақынлап, есик алдында
турғанын билиңлер! 34 Сизлерге
шынын айтып турман: бул әўлад
жоқ болып кетпесинен бурын бу-
лардың ҳәммеси болады. 35 Аспан
менен жер жойылады, бирақ Мениң
сөзлерим ҳеш қашан жойылмайды.

### Сол күнди ямаса саатты ҳеш ким де билмейди

*(Мрк 13:32-37; Лук 17:26-30, 34-36)*

36 – Бирақ, сол күнди ҳәм сол
саатты ҳеш ким де билмейди:

---

[a] **24:20** Яҳудийлердиң нызамы бойынша, бул күни жумыс ислеў ҳәм узақ жолға шығыў қадаған етилген еди.
[b] **24:29** Ийш 13:10; 34:4.
[c] **24:30** Дан 7:13.

аспандағы periштелер де, Улдың
Өзи де*, тек ғана Әкем биледи.
37 Нухтың заманында қалай бол-
ған болса, Адам Улы келгенде де
солай болады. 38 Өйткени топан
суўынан бурын, Нух кемеге[a] мин-
ген күнге дейин, адамлар ишип-
жеди, үйленди, турмысқа шықты.
39 Топан суўы басып, бәрин қырып
жойғанға дейин, олар аңғармады.
Адам Улы келгенде де солай бола-
ды. 40 Сол ўақытта еки адам атызда
болса, биреўи алынып, екиншиси
қалдырылады. 41 Еки ҳаял дигир-
ман тартып отырса, биреўи алы-
нып, екиншиси қалдырылады.

42 Солай етип, сергек болыңлар!
Себеби Ийеңиздиң қашан келету-
ғынын билмейсизлер. 43 Мынаны
билип қойыңлар: егер үй ийеси
урының түнниң қайсы ўақтында
келетуғынын билсе уйықламай,
үйине урының бузып кириўине
мүмкиншилик бермеген болар еди.
44 Сонлықтан сизлер де таяр болып
турыўыңыз шәрт! Өйткени Адам
Улы сизлер ойламағанда келеди.

45 Ийеси үй-ишимдегилерди
басқарсын ҳәм оларға ўақтында
аўқатын берсин деп тайынлаған
исенимли ҳәм ақыллы хызметши
ким? 46 Ийеси келгенде оның со-
лай ислеп атырғанын көрсе, сол
хызметши бахытлы! 47 Сизлерге
шынын айтып турман: ийеси оны
өзиниң пүткил мал-мүлкин бас-
қарыўшы етип тайынлайды. 48 Ал
егер сол хызметши жаман болып,
ишинен: «Ийем тез келе қоймас», –
деп ойлап, 49 хызметши жолдас-
ларын сабап, мәскүнемлер менен
бирге ишип-жесе, 50 сонда сол хыз-
метшиниң ийеси күтпеген күни ҳәм
ойламаған ўақытта келип, 51 оны
аяўсыз жазалап, еки жүзлилер-
диң аўҳалына салады. Сол жерде
ол жылап, пушайман жейди.

## Он қыз туўралы тымсал

25 1 – Сол күни Аспан Пат-
шалығы шыраларын алып,
күйеўди қарсы алыўға шыққан он
қызға уқсайды. 2 Олардың бесеўи
ақылсыз, ал бесеўи ақыллы болып-
ты. 3 Ақылсыз қызлар шыраларын
алыпты да, бирақ аўысық май ал-
май шығыпты. 4 Ал ақыллы қызлар
шыралары менен қоса май қуйыл-
ған ыдысларын да алып шығыпты.
5 Күйеў кешиккеннен соң олардың
ҳәммеси қалғып, уйықлап қалып-
ты. 6 Бирақ түн ортасы болғанда:
«Күйеў киятыр, оны қарсы алыўға
шығыңлар», – деп бақырған даўыс
еситилипти. 7 Сонда қызлардың
ҳәммеси турып, өзлериниң шырала-
рын таярлапты. 8 Ақылсыз қызлар
ақыллыларға: «Бизлерге майлары-
ңыздан аз-маз бериңлер, шырала-
рымыз сөнип атыр», – депти. 9 Ал
ақыллы қызлар: «Бизлерге де, сиз-
лерге де жетпей қалыўы мүмкин,
жақсысы, сатыўшыларға барып са-
тып алыңлар», – деп жуўап берип-
ти. 10 Олар май сатып алыўға кеткен
ўақытта күйеў келипти. Таяр турған
қызлар оның менен бирге тойханаға
киргеннен соң, қапы бекитилипти.
11 Соңынан қалған қызлар да келип:
«Ийем! Ийем! Бизлерге қапыны
аш!» – деп жалыныпты. 12 Бирақ ол:
«Сизлерге шынын айтып турман:

---

a **24:38** Жар 6:14-16.

мен сизлерди танымайман!» – деп
жуўап қайтарыпты.
13 Солай етип, сергек болыңлар,
себеби Адам Улының келетуғын
күнин ҳәм ўақтын билмейсизлер.

## Аманат етилген талант туўралы тымсал

*(Лук 19:11-27)*

14 – Аспан Патшалығы бир адам-
ның сапарға кетпесинен бурын
хызметшилерин шақырып алып,
оларға өзиниң мал-мүлкин аманат
еткенине уқсайды. 15 Олардың уқы-
бына қарай, биреўине бес, екинши-
сине еки, үшиншисине бир талант
берип, жолға атланыпты. 16 Бес та-
лант алғаны дәрриў барып, ақшаны
саўдаға айландырып, және бесеўин
арттырыпты. 17 Еки талант алғаны
да солай ислеп, және екеўин артты-
рыпты. 18 Бир талант алғаны барып,
хожайынының ақшасын жерге кө-
мип жасырыпты.
19 Арадан көп ўақыт өткеннен
соң хызметшилердиң хожайыны
қайтып келип, олардан есап талап
етипти. 20 Сонда бес талант алғаны
және бесеўин әкелип: «Хожайын,
маған бес талант берген едиңиз,
минекей, мен және бесеўин арт-
тырдым», – депти. 21 Хожайыны
оған: «Бәрекелла, жақсы ҳәм исе-
нимли хызметшим! Кишкене исте
исенимли болдың, мен саған үлкен
ис тапсырмақшыман. Жүр, мениң
қуўанышыма шерик бол!» – деп-
ти. 22 Еки талант алғаны да келип:
«Хожайын, сиз маған еки талант
берген едиңиз, минекей, мен жә-
не екеўин арттырдым», – депти.
23 Хожайыны оған: «Бәрекелла,
жақсы ҳәм исенимли хызметшим!
Кишкене исте исенимли болдың,
мен саған үлкен ис тапсырмақшы-
ман. Жүр, мениң қуўанышыма ше-
рик бол!» – депти.
24 Соңынан бир талант алғаны
да келип: «Хожайын, сизиң қатал
адам екениңизди билемен. Сиз
өзиңиз екпеген жериңизден орып,
шашпаған жериңизден жыйнайсыз.
25 Сонлықтан мен сизден қорқып,
талантыңызды жерге көмип жа-
сырған едим. Минекей, ақшаңыз,
алың», – депти. 26 Ал хожайыны
оған жуўап қайтарып былай депти:
«Ҳәй, жаман ҳәм жалқаў хызмет-
шим! Мениң өзим екпеген жерден
орып, шашпаған жерден жыйнайту-
ғынымды биледи екенсең, 27 мениң
ақшамды айланысқа жиберетуғын
адамға бериўиң тийис еди, қайтып
келгенимде өзимдикин пайдасы
менен алар едим. 28 Енди оннан
талантты алыңлар да, оны он та-
ланты барға бериңлер! 29 Өйткени
кимде бар болса, оған және де мол
етип бериледи, ал кимде жоқ бол-
са, оның бары да тартып алынады.
30 Ал мына жарамсыз хызметшини
сыртқа, қараңғылыққа шығарып
таслаңлар. Сол жерде ол жылап,
пушайман жейди*».

## Ақырзамандағы ҳүким

31 – Адам Улы Өз салтанаты ишин-
де барлық периштелери менен бирге
келгенде, Өзиниң салтанатлы тах-
тына отырады. 32 Сонда барлық ха-
лықлар Оның алдына жыйналады
ҳәм Ол шопанның қойларды ешки-
лерден айырғаны сыяқлы, оларды
айырып бөледи. 33 Қойларды оң жа-
ғына, ешкилерди сол жағына қояды.
34 Сонда Патша оң жағындағыларға:

«Келиңлер, Әкемнен жарылқан-
ғанлар, дүнья жаратылғаннан бе-
ри сизлер ушын таярлап қойылған
патшалықты мийрас етип алың-
лар. 35 Себеби Мен аш болғаным-
да, сизлер Маған аўқат бердиңлер,
шөллегенимде, суў бердиңлер, жат
жерде жүргенимде, Мени қабыл
алдыңлар. 36 Жалаңаш болғаным-
да, кийим бердиңлер, наўқас бол-
ғанымда, ғамхорлық қылдыңлар,
қамақта болғанымда, Маған кел-
диңлер», – дейди. 37 Сонда ҳақ адам-
лар Оған: «Ийем! Бизлер қашан аш
болғаныңды көрип, Саған аўқат
бердик, қашан шөллегениңди кө-
рип, суў бердик? 38 Қашан жат жер-
де жүргениңди көрип, Сени қабыл
еттик, қашан жалаңаш болғаның-
да, кийим бердик? 39 Қашан наўқас
ямаса қамақта болғаныңды көрип,
Саған бардық?» – дейди. 40 Патша
оларға жуўап берип: «Сизлерге шы-
нын айтып турман: сизлердиң усы
ислерди Мениң мына ең қарапа-
йым туўысқанларымның биреўине
ислегениңиз – Маған ислегениңиз
болады», – дейди. 41 Соннан кейин,
Ол сол жағындағыларға: «Ҳәй, ғар-
ғыс алғанлар! Мениң қасымнан ар-
ман, шайтан ҳәм оның периштелери
ушын таярлап қойылған мәңгилик
отқа кетиңлер! 42 Өйткени Мен аш
болғанымда, сизлер Маған аўқат
бермедиңлер, шөллегенимде, суў
бермедиңлер. 43 Жат жерде жүр-
генимде, Мени қабыл алмадың-
лар, жалаңаш болғанымда, кийим
бермедиңлер, наўқас болғанымда,
қамақта болғанымда, Маған кел-
медиңлер», – дейди. 44 Сонда олар
жуўап берип: «Ийем! Бизлер Сениң
қашан я аш болғаныңды, я шөлле-
гениңди, я жат жерде жүргениң-
ди, я жалаңаш, я наўқас, я қамақта
болғаныңды көрип, Саған хызмет
етпедик?» – дейди. 45 Сонда Патша
жуўап қайтарып: «Сизлерге шы-
нын айтып турман: сизлердиң усы
ислерди мына ең қарапайым біре-
ўине ислемегениңиз – Маған исле-
мегениңиз болады», – дейди.
46 Солай етип, олар мәңгилик
азапқа жибериледи, ал ҳақ адам-
лар мәңгилик өмирге ериседи.

### Ийсаны өлтириў ушын тил бириктириў

*(Мрк 14:1-2; Лук 22:1-2; Юхн 11:45-53)*

**26** 1 Ийса усы сөзлердиң ҳәм-
месин айтып болғаннан
кейин, Өз шәкиртлерине:
2 – Енди еки күннен соң, Қутқа-
рылыў байрамы[a] болатуғынын би-
лесизлер. Сонда Адам Улы атанақ
ағашқа шегелениўге услап бери-
леди, – деди.
3 Сол ўақытта бас руўханийлер
ҳәм халық ақсақаллары Каяфа де-
ген бас руўханийдиң ҳәўлисине
жыйналды. 4 Олар Ийсаны ҳийле
менен қолға түсирип өлтириў ҳақ-
қында мәсләҳәтлести. 5 Бирақ олар:
«Халық арасында қозғалаң болма-
ўы ушын, бул исти байрам күнлери
ислемейик», – дести.

### Ийса Бетанияда

*(Мрк 14:3-9; Юхн 12:1-8)*

6 Ийса Бетанияда, бурын те-
ри кеселлиги менен аўырған

---

[a] **26:2** *Қутқарылыў байрамы* – сөзликке қараң.

Шимонның үйинде, 7 дастурхан
басында отырғанда, қолында қым-
батбаҳа әтир майға толы мәрмер
ыдыс бар бир ҳаял Оның қасына
келип, әтир майды Оның басына
қуйды. 8 Буны көрген шәкиртле-
ри ашыўланып:
– Бундай ысырапкершиликтиң не
кереги бар? 9 Бул әтир майды қым-
батқа сатып, ақшасын жарлылар-
ға үлестирип бериўге болатуғын
еди, – дести.
10 Бирақ Ийса буны еситип,
оларға:
– Бул ҳаялды неге уялтып атыр-
сызлар? Ол Маған жақсылық ис-
леди. 11 Жарлылар сизлер менен
бәрқулла бирге, ал Мен сизлер ме-
нен бәрқулла бирге болмайман.
12 Ол бул әтир майды денеме қуйып,
Мени жерлеўге таярлады. 13 Сиз-
лерге шынын айтып турман: Хош
Хабар дүньяның қай жеринде жә-
рияланса да, бул ҳаял еске алынып,
оның ислеген иси айтылатуғын бо-
лады, – деди.

### Яҳуданың сатқынлығы

*(Мрк 14:10-11; Лук 22:3-6)*

14 Соңынан Ийсаның он еки шә-
киртиниң бири Яҳуда Исқариот
деп аталған адам бас руўханий-
лерге барып:
15 – Ийсаны сизлерге услап бер-
сем, маған не бересизлер? – деп
сорады.
Олар оған отыз гүмис теңге усын-
ды. 16 Яҳуда да сол ўақыттан бас-
лап Ийсаны услап бериўге қолайлы
пайыт изледи.

### Ийсаның Өз шәкиртлери менен Қутқарылыў байрамының асын жеўи

*(Мрк 14:12-21; Лук 22:7-13; Юхн 13:21-30)*

17 Ашытқысыз нан байрамының[a]
биринши күнинде Ийсаның шә-
киртлери Оған келип:
– Қутқарылыў байрамының асын
жеўиң ушын қай жерде таярлық
көриўимизди қәлейсең? – деп со-
рады.
18 Ол жуўап берип былай деди:
– Қаладағы пәленше деген адамға
барып, оған: «Устазымыз: „Мениң
күним жақынлап қалды. Шәкирт-
лерим менен бирге байрам асын се-
ниң үйиңде жеймен“, деди», – деп
айтыңлар.
19 Шәкиртлери Ийсаның тапсыр-
масын орынлап, байрам асын та-
ярлады.
20 Кеш болғанда, Ийса он еки
шәкирти менен бирге дастурхан
әтирапына отырды. 21 Олар аўқат-
ланып отырғанда, Ийса:
– Сизлерге шынын айтып тур-
ман: араңыздағы бириңиз Маған
сатқынлық ислейди, – деди.
22 Сонда олар қатты қапа болып,
биринен соң бири Оннан:
– Мен емеспен бе, Ийем? – деп со-
рай баслады.
23 Ийса оларға жуўап берип:
– Мениң менен бирге табаққа қол
салған адам Маған сатқынлық қы-
лады. 24 Деген менен, Адам Улы
Өзи ҳаққында Мухаддес Жазыў-
да айтылғандай баратыр, бирақ
Адам Улына сатқынлық қылыўшы

---

[a] **26:17** *Ашытқысыз нан байрамы* – сөзликке қараң.

ҳәсирет шегеди! Ол адамның бул
дүньяға келмегени өзи ушын жақ-
сырақ болар еди, – деди.
25 Сонда Оған сатқынлық қыла-
туғын Яҳуда:
– Мен емеспен бе, Устаз? – деди.
Ийса оған:
– Буны сен өзиң айттың, – деп
жуўап берди.

### Ийсаның соңғы кешеси

*(Мрк 14:22-26; Лук 22:14-23; 1Кор 11:23-25)*

26 Олар аўқатланып отырғанда
Ийса нанды алып, Қудайға шү-
кирлик етти ҳәм оны сындырып,
шәкиртлерине берди де:
– Алыңлар, жеңлер, бул – Мениң
денем, – деди.
27 Соңынан Ол кесени алып,
Қудайға шүкирлик билдирди ҳәм
оларға кесени берип былай деди:
– Ҳәммеңиз буннан ишиңлер!
28 Себеби бул – көп адамның гү-
наларының кеширилиўи ушын
төгилетуғын, жаңа келисимди бе-
китетуғын Мениң қаным.
29 Сиз-
лерге айтатуғыным: Әкемниң
Патшалығында сизлер менен жа-
ңасын ишетуғын күниме дейин,
Мен бундай жүзим ишимлигинен
қайтып ишпеймен.
30 Соңынан олар Қудайды жыр-
лайтуғын қосық айтып, Зәйтүн та-
ўына кетти.

### Петрдиң Ийсадан таныўы ҳаққында

*(Мрк 14:27-31; Лук 22:31-34; Юхн 13:36-38)*

31 Сонда Ийса оларға:
– Бул түни ҳәммеңиз Мени тас-
лап кетесизлер. Өйткени Мухад-
дес Жазыўда былай деп айтылған:
«Шопанды шаўып таслағанымда,
Сүриўдеги қойлар тарқап
кетеди»[a].
32 Бирақ қайта тирилгенимнен
кейин, сизлерден бурын Галилаға
бараман, – деди.
33 Петр Оған жуўап берип:
– Сени ҳәммеси таслап кетсе де,
мен Сени ҳеш қашан таслап кет-
пеймен, – деди.
34 Ийса оған:
– Саған шынын айтып турман: бү-
гин түнде қораз шақыраман дегенше,
сен Меннен үш рет танасаң, – деди.
35 Петр Оған:
– Маған Сениң менен бирге өлиў-
ге туўра келсе де, мен Сеннен ҳеш
қашан танбайман, – деди.
Басқа шәкиртлериниң ҳәммеси
де солай деди.

### Ийсаның Гетсеманиде дуўа етиўи

*(Мрк 14:32-42; Лук 22:39-46)*

36 Соңынан Ийса шәкиртлери ме-
нен бирге Гетсемани деген жерге
келип, оларға:
– Мен ана жерге барып дуўа етип
боламан дегенше, сизлер усы жер-
де отырыңлар, – деди.
37 Өзи менен бирге Петрди ҳәм
Зебедейдиң еки улын алып кетти
де, қайғырып қыйнала баслады.
38 Сонда Ийса оларға:
– Жаным өлердей қыйналып тур.
Сизлер усы жерде қалып, Мениң
менен бирге сергек болып турың-
лар, – деди.

---

a **26:31** Зхр 13:7.

39 Соңынан Ол бираз шетирекке
барды да, бетин жерге басып, бы-
лай деп дууа ете баслады:
– Әкем Мениң! Егер де мүмкин
болса, бул азап кесеси Меннен өт-
син. Бирақ Мениң емес, Сениң қә-
леўиң болсын!
40 Шәкиртлерининң қасына қай-
тып келип, олардың уйықлап атыр-
ғанын көрди де, Петрге:
– Солай етип, сизлер Мениң ме-
нен бирге уйықламай бир саат та
отыра алмадыңлар ма? 41 Сергек
болыңлар! Азғырылмаўыңыз ушын
дууа етиңлер! Рууx қәлейди, бирақ
дене ҳәлсиз, – деди.
42 Ийса екинши рет барып, және
былай деп дууа етти:
– Әкежаным! Егер бул азап кесе-
си Мен ишпей Меннен өте алма-
са, онда Сениң еркиң орынлансын.
43 Қайтып келип, олардың және
уйықлап атырғанын көрди. Өйт-
кени көзлерин уйқы басқан еди.
44 Оларды қалдырып, және ба-
рып, үшинши рет те сол сөзлерин
қайталап дууа етти. 45 Соңынан
шәкиртлерининң қасына қайтып
келип, оларға:
– Сизлер еле уйықлап, дем алып
атырсызлар ма? Мине, ўақыт бол-
ды, Адам Улы гүнакарлардың қо-
лына услап бериледи. 46 Турыңлар,
кеттик. Қараңлар, Маған сатқын-
лық қылыўшы жақынлады, – деди.

### Ийсаның қолға алыныўы

*(Мрк 14:43-50; Лук 22:47-53; Юхн 18:3-12)*

47 Ийса еле сөйлеп турғанда, Оның
он еки шәкиртининң бири Яҳуда
келди. Оның менен бирге бас руў-
ханийлер ҳәм халық ақсақаллары
жиберген жүдә көп адамлар бар еди.
Адамлар қолларына қылыш ҳәм
шоқмар услаған еди. 48 Сатқынлық
қылыўшы оларға белги берип: «Мен
кимди сүйсем, Ол – Соның Өзи. Оны
қолға алыңлар», – деген еди.
49 Ол дәрриў Ийсаның қасына
барып:
– Ассалаўма әлейкум, Устаз! – деп
Оны сүйди.
50 Ийса оған:
– Ҳәй, достым, неге келдиң? – де-
ди.
Сонда олар Ийсаға жақынлап
келди де, Оған тәп берип, услап
алды. 51 Сол ўақытта-ақ Ийсаның
қасындағылардан бири қылышын
суўырып алып, бир силтеп, бас руў-
ханийдиң қулының қулағын ша-
ўып таслады. 52 Бирақ Ийса оған:
– Қылышыңды қынабына салып
қой! Қылыш көтериўшилердиң
ҳәммеси де қылыштан қаза таба-
ды. 53 Егер Мен ҳәзир Әкемнен со-
расам, Ол Маған он еки легионнан[a]
да артық периште жибермейди, деп
ойлайсаң ба? 54 Бирақ егер ондай
болса, Мухаддес Жазыўлардағы
солай болыўы тийис деген сөзлер
қалайынша орынланады? – деди.
55 Сонда Ийса халыққа:
– Мени услаў ушын, жынаятшыға
қарсы шыққандай болып, қылыш
ҳәм шоқмар алып келдиңлер ме?
Мен ҳәр күни Ибадатханада оты-
рып тәлим беретуғын едим, бирақ
сизлер Мени усламадыңлар. 56 Усы-
лардың ҳәммеси пайғамбарлардың

---

a **26:53** *Бир легион* – Рим армиясында 6000 әскерден ибарат әскерий топар.

Жазыўларының орынланыўы
ушын болды, – деди.
Сонда шәкиртлериниң ҳәммеси
Оны таслап, қашып кетти.

### Ийса жоқарғы кеңес алдында

*(Мрк 14:53-65; Лук 22:54-55, 63-71;*
*Юхн 18:13-14, 19-24)*

**57** Ийсаны қолға алғанлар Оны
Каяфа деген бас руўханийге апарды.
Ол жерге диний муғаллимлер менен
ақсақаллар жыйналған еди. **58** Петр
Ийсаға бас руўханийдиң ҳәўлисине
дейин узақтан ерип барды ҳәм соңын
көриў ушын ишке кирип, сақшылар
менен бирге отырды. **59** Бас
руўханийлер ҳәм пүткил жоқарғы
кеңес Ийсаны өлим жазасына ҳүким
етиў ушын, Оған қарсы жалған
гүўалық изледи. **60** Көплеген жалған
гүўалар келсе де, Оған тағатуғын
айып таба алмады. Ақырында
еки жалған гүўа келип:
**61** – Ол: «Қудайдың Ибадатханасын
бузып, оны үш күнниң ишинде
қайта тиклей аламан», – деп айтты,
– деди.
**62** Сонда бас руўханий орнынан
турып, Ийсадан:
– Олар Саған қарсы гүўалық берип
атыр. Сен неге ҳеш жуўап бермейсең?
– деп сорады.
**63** Бирақ Ийса үндемеди. Сонда
бас руўханий Оған:
– Мен Саған тири Қудайдың аты
менен ант ишиўиңди талап қыламан,
бизлерге айтшы: Қудайдың Улы,
Масийх – Сенбисең? – деп сорады.
**64** Ийса оған:
– Сол екенимди өзиң айтып турсаң.
Сизлерге айтатуғыным: усы
ўақыттан баслап, сизлер Адам Улының
Қудиретлиниң оң жағында
отырғанын[a] ҳәм аспандағы бултлардың
үстинде киятырғанын көресизлер[b],
– деди.
**65** Сонда бас руўханий өз кийимлерин
жыртып:
– Ол Қудайға тил тийгизди-ғо! Енди
бизлерге гүўалардың не кереги
бар? Оның Қудайға тил тийгизгенин
ҳәзир өзлериңиз еситтиңиз!
**66** Сизлердиң ҳүкимиңиз қандай
болады? – деп сорады.
Олар жуўап қайтарып:
– Ол өлим жазасына тартылыўы
тийис, – деди.
**67** Сонда олар Ийсаның бетине
түкирип, Оны ура баслады. Биреўлер
бетине шапалақ пенен урып,
**68** Оған:
– Ҳәй, Масийх! Бизлерге ўәлийлик
етип айт: Сени ким урды? –
деди.

### Петрдиң Ийсадан таныўы

*(Мрк 14:66-72; Лук 22:56-62;*
*Юхн 18:15-18, 25-27)*

**69** Сол ўақытта Петр сыртта, ҳәўлиде
отырған еди. Оның қасына
бир шоры қыз келип:
– Сен де галилалы Ийса менен
бирге едиң-ғо, – деди.
**70** Бирақ ол ҳәмменин алдында
танып:
– Сениң не айтып турғаныңды
түсинбеймен, – деди.

---

[a] **26:64** Заб 109:1.
[b] **26:64** Дан 7:13.

[71] Ол дәрўазаға қарай баратырғанда оны басқа бир шоры қыз көрип, сол жердегилерге:
– Мына адам насыралы Ийса менен бирге болған-ғо, – деди.
[72] Ол ант ишип:
– Мен ол Адамды танымайман, – деп және танды.
[73] Бираздан соң, сол жерде турғанлар Петрге жақынлап келип, оған:
– Ырасында да, сен солардың бирисең. Бул сениң сөйлегениңнен анық билинип тур, – деди.
[74] Сонда Петр:
– Шынын айтып турман, алдасам нәлет жаўсын, мен ол Адамды танымайман, – деп ант ишти.
Сол ўақытта-ақ қораз шақырды.
[75] Сонда Ийсаның: «Қораз шақыраман дегенше, сен Меннен үш рет танасаң», – деген сөзи Петрдиң есине түсти. Ол сыртқа шығып кетип, өкирип жылады.

### Ийсаның Пилаттың алдына апарылыўы

*(Мрк 15:1; Лук 23:1-2; Юхн 18:28-32)*

**27** [1] Таң атқанда, барлық бас руўханийлер менен халық ақсақаллары Ийсаны өлтириў туўралы кеңести де, [2] Оны байлатып, римли ҳәким Пилатқа апарып тапсырды.

### Яҳуданың өлими

*(Елш 1:18-19)*

[3] Сонда Ийсаға сатқынлық қылған Яҳуда Оның жазаға ҳүким етилгенин көрип өкинди де, алған отыз гүмис теңгени бас руўханийлер менен халық ақсақалларына қайтарып берип:
[4] – Мен сатқынлық қылдым. Айыпсыз қанды төктирип, гүна иследим, – деди.
Олар оған:
– Бизлерге не? Өзиң бил, – деди.
[5] Сонда Яҳуда гүмисти Ибадатхананың ишине ылақтырып таслады да, сыртқа шығып кетип, асылып өлди.
[6] Бас руўханийлер гүмисти алып:
– Буны Ибадатхана қазнасына салыўға болмайды, себеби бул қанның қуны, – деди.
[7] Олар өз ара ойласып, сол ақшаға гүлалшының егислик жерин сатып алды да, оны жат жерден келгенлерди жерлеўге арнады.
[8] Сонлықтан сол жер усы күнге дейин «Қан жери» деп аталады.
[9] Солай етип, Еремия пайғамбардың алдын ала айтқан мына сөзлери орынланды:
«Олар отыз шекел гүмисти, яғный Израилдың урпақлары баҳалаған Оның қунын алып,
[10] Жаратқан Ийе маған айтқанындай, гүлалшының егислик жери ушын берди».[a]

### Өлим ҳүкими

*(Мрк 15:2-15; Лук 23:3-5, 13-25; Юхн 18:33-38; 19:1-16)*

[11] Ийса римли ҳәкимниң алдында турғанда, ҳәким Оннан:
– Сен Яҳудийлердиң Патшасымысаң? – деп сорады.
Ийса оған:
– Сол екенимди өзиң айтып турсаң, – деп жуўап берди.

---

[a] **27:9-10** Зхр 11:12-13; Ерм 19:1-13; 32:6-9.

[12] Ал бас руўханийлер менен халық ақсақаллары Оны айыплағанда, Ол ҳеш жуўап бермеди.
[13] Сонда Пилат Оған:
– Саған қарсы қаншама гүўалықлар берилип атырғанын еситип турған жоқсаң ба? – деди.
[14] Бирақ өзиниң бирде бир сөзине Ийсаның жуўап қайтармағанына ҳәким қатты ҳайран қалды.
[15] Қутқарылыў байрамында халық сораған бир тутқынды босатып бериў ҳәкимниң әдети еди.
[16] Сол ўақытта қамақта Барабба деген белгили бир жынаятшы бар
еди. [17] Халық жыйналып болғанда, Пилат оларға былай деди:
– Сизлер кимди босатып бериўимди қәлейсизлер? Бараббаны ма ямаса Масийх деп аталатуғын Ийсаны ма?
[18] Өйткени ол олардың Ийсаны өзине күншиллик пенен услап бергенин билетуғын еди.
[19] Пилат ҳүким гүрсисинде отырғанда, ҳаялы оған мынадай хабар жиберди: «Сол ҳақ Адамға ҳеш нәрсе ислеме. Мен бүгин түсимде Ол себепли көп азап шектим».
[20] Бас руўханийлер менен халық ақсақаллары халықты үгитлеп:
– Бараббаны босатып берип, Ийсаны өлтириўди талап етиңлер, – деди.
[21] Ҳәким олардан және:
– Сизлерге екеўиниң қайсысын босатып бериўимди қәлейсизлер? – деп сорады.
Олар:
– Бараббаны, – деди.
[22] Пилат олардан:
– Ал Масийх деп аталатуғын Ийсаға не ислейин? – деп сорады.
Олардың ҳәммеси де:
– Оны атанақ ағашқа шегелет! – деди.
[23] Ал Пилат олардан:
– Ол қандай жаманлық иследи, ақыры? – деп сорады.
Бирақ олар:
– Оны атанақ ағашқа шегелет! – деп қаттырақ бақырысты.
[24] Пилат ҳеш нәрсе ислей алмайтуғынын ҳәм қозғалаң басланажағын сезип, суў алды да, халықтың көз алдында қолын жуўып:
– Бул адамның қанының төгилиўине мен айыплы емеспен, сизлер жуўапкерсиз, – деди.
[25] Пүткил халық:
– Оның қаны ушын бизлер ҳәм бизлердиң балаларымыз жуўапкер болғаймыз! – деп жуўап қайтарды.
[26] Сонда Пилат оларға Бараббаны босатып берди. Ал Ийсаны қамшылатқаннан соң, атанақ ағашқа шегелеўге тапсырды.

### Әскерлердиң Ийсаны масқаралаўы

*(Мрк 15:16-20; Юхн 19:2-3)*

[27] Сонда ҳәкимниң әскерлери Ийсаны ҳәким Пилаттың сарайына алып барып, Оның алдына пүт-
кил әскерлерди жыйнады. [28] Оның
кийимлерин шешип, үстине қырмызы шапан жапты да, [29] тикенли
шыбықлардан таж өрип, Оның басына кийгизди. Оң қолына қамыс таяқты услатты да, Оның алдына дизерлеп отырып:
– Жасасын, Яҳудийлердиң Патшасы! – деп мазақ етти.
[30] Оған түкирди, қамысты
алып, Оның басына урды. [31] Оны

масқаралап болғаннан кейин, үс-
тиндеги шапанды шешип алып,
Оған Өз кийимин кийгизди де, ата-
нақ ағашқа шегелеў ушын алып
кетти.

### Ийсаның атанақ ағашқа шегелениўи

*(Мрк 15:21-32; Лук 23:26-43; Юхн 19:17-27)*

32 Әскерлер шығып баратырғанда
Шимон атлы бир киренели адам-
ды ушыратып, оны Ийсаның ата-
нақ ағашын арқалап алып жүриўге
мәжбүрледи. 33 Голгота деп атал-
ған, яғный «Бас сүйек орны» де-
генди аңлататуғын жерге келгенде,
34 олар Ийсаға өт қосылған шарап-
ты ишиўге берди, бирақ Ол татып
көрип, ишиўден бас тартты.
35 Оны атанақ ағашқа шегелеп бол-
ғаннан соң шек тасласып, кийим-
лерин өз ара бөлисти[a], 36 соңынан
отырып, Оны қараўыллады. 37 Оның
айыбын көрсететуғын: «БУЛ – ЯҲУ-
ДИЙЛЕРДИҢ ПАТШАСЫ ИЙСА»
деген жазыўды басының үсти бетине,
ағашқа қағып қойды. 38 Ийса менен
бирге еки қарақшыны да, биреўин
оң тәрепине, екиншисин сол тәрепи-
не атанақ ағашқа шегеледи.
39 Ийсаның жанынан өтип бара-
тырғанлар басларын шайқады ҳәм
Оның үстинен күлип[b]:
40 – Ҳәй, Ибадатхананы бузып,
Оны үш күнниң ишинде қайта
тиклейжақ болған, Сен! Егер Сен
Қудайдың Улы болсаң, қәнекей,
Өзиңди Өзиң қутқарып, атанақ
ағаштан түсип көрши! – дести.
41 Бас руўханийлер, диний му-
ғаллимлер ҳәм ақсақаллар да Оны
мазақ қылып былай деди:
42 – Бул басқаларды қутқарып,
Өзин Өзи қутқара алмайды. Егер
Ол Израилдың Патшасы болса, ҳә-
зир атанақ ағаштан түссин. Сонда
бизлер Оған исенемиз. 43 Ол Қудай-
ға арқа сүйеп тур. Егер Қудай қәле-
се, ҳәзир Оны қутқарсын[c]. Себеби
Ол: «Мен Қудайдың Улыман», – де-
ген еди-ғо.
44 Ийса менен бирге атанақ ағаш-
қа шегеленген қарақшылар да Оны
усылай мазақ етти.

### Ийсаның жан тапсырыўы

*(Мрк 15:33-41; Лук 23:44-49; Юхн 19:28-30)*

45 Түски саат он екиден баслап,
түстен кейин саат үшке дейин, пүт-
кил жерди қараңғылық қаплап тур-
ды. 46 Саат үшлер шамасында Ийса
қатты даўыс пенен:
– Элий, Элий! Лама сабахтани? –
деп бақырды. Бул: «Қудайым,
Қудайым! Неге Мени таслап кет-
тиң?»[d] – дегенди аңлатады.
47 Сол жерде турғанлардың гей-
биреўлери буны еситип:
– Ол Илиясты шақырып атыр, –
деди.
48 Дәрриў олардың биреўи жу-
ўырып барып, бир сорғышты сир-
ке суўына батырып алды да, оны
таяққа қадап, Оған ишиўге берди.

---

a **27:35** Заб 21:19.
b **27:39** Заб 21:8.
c **27:43** Заб 21:9.
d **27:46** Заб 21:2.

49 Ал басқалары:
– Тоқтай тур, Илияс келип, Оны
қутқарар ма екен, көрейик, – дести.
50 Ийса және бәлент даўыс пенен
бақырды да, жан тапсырды.
51 Сол ўақытта-ақ Ибадатхана-
ның Мухаддесханасындағы пер-
де жоқарыдан төменге дейин қақ
айырылып, екиге бөлинди. Жер
силкинип, жартаслар жарылды.
52 Қәбирлер ашылып, жатырған
мухаддеслердиң көбиси қайта ти-
рилди. 53 Ийса қайта тирилгеннен
кейин, олар қәбирлеринен шығып,
мухаддес қалаға барды ҳәм көп
адамларға көринди.
54 Жер силкиниўдиң ҳәм басқа ўа-
қыялардың болғанын көрген жүз-
басы ҳәм оның менен бирге Ийсаны
қараўыллағанлар қатты қорқысып:
– Бул ҳақыйқаттан да, Қудайдың
Улы екен! – дести.
55 Сол жерде узақтан қарап тур-
ған көп ҳаяллар да бар еди, олар
Ийсаның изине Галиладан ерип
келип, Оған хызмет еткен еди.
56 Олардың арасында магдалалы
Мәрийам, Яқып пенен Юсуптиң ана-
сы Мәрийам ҳәм Зебедейдиң улла-
рының анасы да бар еди.

### Ийсаның қәбирге қойылыўы

*(Мрк 15:42-47; Лук 23:50-56;*
*Юхн 19:38-42)*

57 Кеш болғанда, Ариматиядан
Юсуп атлы бир бай адам келди.
Ол да Ийсаның шәкирти еди. 58 Ол
Пилатқа барып, Ийсаның дене-
син сорады. Пилат оған бериўди
буйырды. 59 Юсуп денени алып,
оны таза зығыр кепинге орады да,
60 өзиниң жартаста ойылған жаңа
қәбирине апарып қойды. Соңынан
үлкен бир тасты домалатып, қәбир-
диң аўзына қойды да, сол жерден
кетип қалды. 61 Магдалалы Мәри-
йам менен басқа Мәрийам сол жерде,
қәбирдиң қарсысында отырған еди.

### Қәбирди қараўыллаў

62 Келеси күни, яғный яҳудий-
лердиң таярлық күнинен[a] кейинги
Шаббат күни[b] бас руўханийлер ме-
нен парисейлер Пилаттың алдына
жыйналып, 63 оған:
– Тақсыр! Ана өтирикшиниң тири
ўақтында: «Мен үш күннен кейин
қайта тирилемен», – дегени еси-
мизге түсти. 64 Сонлықтан да, шә-
киртлери түнде келип, Оны урлап
алып кетип, халыққа: «Ол өлим-
нен қайта тирилди», – деп айтпа-
ўы ушын, Оның қәбирин үш күнге
дейин қараўыллаўға буйрық бериң.
Олай етпесек, соңғы жалған бурын-
ғысынан да бетер болады, – деди.
65 Пилат оларға:
– Сақшылар бар-ғо. Барып, қә-
бирди өз билгенлериңизше гүзе-
тиңлер, – деди.
66 Олар барып, тасқа мөр басты
да, қәбирге сақшы қойды.

### Ийсаның қайта тирилиўи

*(Мрк 16:1-10; Лук 24:1-12;*
*Юхн 20:1-10)*

**28** 1 Шаббат күни өткеннен
соң, екшемби күни таң
сәҳәрде магдалалы Мәрийам ҳәм
басқа Мәрийам қәбирди көриўге

---

[a] **27:62** *Таярлық күни* – жума күни.
[b] **27:62** *Шаббат күни* – шемби күни.

келди. 2 Бирден жер қатты силки-
нип, Жаратқан Ийениң периштеси
аспаннан түсип келди де, қәбир-
диң аўзындағы тасты домалатып
алып таслап, оның үстине отырды.
3 Периштениң түси жылдырымдай
болып, кийими қардай аппақ еди.
4 Сақшылар оннан қатты қорқып
қалтырасты ҳәм өли сыяқлы болып,
жанлары қалмады.
5 Перişте ҳаялларға:
– Қорқпаңлар! Атанақ ағашқа
шегеленген Ийсаны излеп келге-
ниңизди билемен. 6 Ол бул жерде
жоқ. Өзиниң айтқанындай, Ол қай-
та тирилди. Барып, Оның жатқан
жерин көриңлер. 7 Ҳәзир тез Оның
шәкиртлерине барып, Ийсаның
өлимнен қайта тирилгенин айтың-
лар! Ол сизлерден бурын Галилаға
барады. Оны сол жерде көресиз-
лер! Мениң сизлерге айтатуғыным
усы, – деди.
8 Ҳаяллар биресе қорқысып, би-
ресе қатты қуўанысып, қәбирден
тез шықты да, Оның шәкиртлери-
не хабарды жеткизиў ушын асы-
ғып жуўырып кетти.
9 Күтилмегенде Ийса олардың
алдынан шығып:
– Ассалаўма әлейкум! – деди.
Олар жақынлап келди де, Ийса-
ның аяғын қушақлап, Оған сыйын-
ды. 10 Сонда Ийса оларға:
– Қорқпаңлар! Туўысқанларыма
барып айтыңлар, Галилаға бар-
сын. Олар Мени сол жерде көре-
ди, – деди.

### Сақшылардың хабары

11 Ҳаяллар жолда жүргенде сақ-
шылардың гейбиреўлери қалаға
барып, болған ўақыяның барлы-
ғын бас руўханийлерге айтып бер-
ди. 12 Бас руўханийлер ақсақаллар
менен жыйналысып кеңести де, әс-
керлерге көп ақша берип:
13 – «Түнде бизлер уйықлап атыр-
ғанымызда шәкиртлери келип,
Оны урлап алып кетти», – деп ай-
тыңлар. 14 Егер бул хабар ҳәкимниң
қулағына жетсе, бизлер оның ме-
нен келисип, сизлерди ҳәр қандай
бәледен сақлап қаламыз, – деди.
15 Әскерлер ақшаны алып, олар-
дың үйретиўи бойынша иследи. Ал
усы сөз яҳудийлердиң арасында бү-
гинги күнге дейин кең тарқалған.

### Уллы тапсырма

*(Мрк 16:14-18; Лук 24:36-49;*
*Юхн 20:19-23; Елш 1:6-8)*

16 Он бир шәкирти Галилаға,
Ийсаның өзлерине айтқан таўы-
на барды. 17 Олар Ийсаны көргенде,
Оған сыйынды, бирақ гейбиреў-
лери гүманланды. 18 Сонда Ийса
олардың қасына келип:
– Маған аспанда да, жерде де пүт-
кил бийлик берилген. 19 Сонлық-
тан да барып, барлық халықларды
Маған шәкирт қылыңлар: олар-
ды Әкениң, Улдың ҳәм Мухаддес
Руўхтың аты менен шомылдырып,
20 Мениң сизлерге буйырғанла-
рымның ҳәммесин орынлаўды
оларға үйретиңлер. Минекей, Мен
дүньяның ақырына дейин ҳәмме
ўақыт сизлер менен бирге бола-
ман! – деди.

# Марк жазған Хош Хабар

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Бул Хош Хабарды Юхан деп те аталған Марк жазған. Ол өзи елши болмағаны менен де, Павел ҳәм Барнаба менен бирге хызмет еткен (Елш 13:5). Әййемги масийхыйлардың мағлыўматы бойынша ол Петрдиң дилмашы болған.

Ол китапты яҳудий емеслерге, яғный римлилерге ҳәм басқа миллет адамларына қарата жазған болыўы мүмкин. Себеби китапта яҳудийлердиң үрп-әдетлери ҳәм арамейше сөзлердиң мәнислери түсиндириледи.

Марк Ийсаның қүдирети ҳәм бийлигине айрықша пәт береди. Ол Ийсаны Қудайдың Улы деп тастыйықлап, Ийса уллы Устаз, теңи жоқ Шыпакер екенин, ҳәттеки шайтан, жинлер ҳәм өлим Оған бойсынатуғынын сөз қылады. Автор Ийсаның тәбият, гүна, диний үрп-әдетлер ҳәм Ибадатханадағы тәртип үстинен Ҳүкимдар екенин көрсетеди. Ийсаның адамларға шыпа бергени ҳаққында Марк қайта-қайта сөз етип, Оның бул кәраматлардың ҳәммесин Қудайдың қүдирети менен қылғанын тастыйықлайды.

Және де, усы китаптағы 10-бап 45-аятта Ийсаның Өзи: «Адам Улы Өзине хызмет еттириўге емес, ал Өзи хызмет етиўге ҳәм көплердиң азатлық қунын төлеў ушын, Өз жанын бағышлаўға келди», – деп айтқанындай, Марк Ийсаны барлық адамларды гүнадан азат қылыў ушын Қудай жиберген хызметши сыпатында көрсетеди.

---

### Яқыяның жол таярлаўы

*(Мат 3:1-12; Лук 3:1-18; Юхн 1:19-28)*

**1** [1] Қудайдың Улы Ийса Масийх-
тың[a] Хош Хабарының бас-
ланыўы. [2] Ийшая пайғамбардың
китабында* былай деп жазылған:

«Мине, Мен алдыңнан
хабаршымды жиберемен,
Ол Сениң баратуғын жолыңды
таярлап қояды[b].
3 Шөл далада бақырған бир даўыс
еситиледи:
„Ийемизге жол таярлаңлар,

---

[a] **1:1** *Масийх* – «Басына май қуйылған адам» деген мәнисти аңлатады. Қудай ўәде еткен Қутқарыўшы. Сөзликке қараң.
[b] **1:2** Мал 3:1.

Оның жүретуғын жолларын
дүзетиңлер!“»[a]
4 Яқыя шөл далаға келип, адам-
ларды суўға шомылдырды[b]. Олар-
ға гүналарының кеширилиўи
ушын тәўбеге келиўди ҳәм суў-
ға шомылдырылыўды жәриялап
жүрди. 5 Сонда пүткил Яҳудия
үлкесиниң халқы ҳәм Ерусалим
турғынларының ҳәммеси оған
барып, гүналарын мойынлады
ҳәм Иордан дәрьясында шомыл-
дырылды.
6 Яқыя түйе жүнинен кийим ки-
йип, белине тери қайыс тағып, ше-
гиртке ҳәм жабайы ҳәррениң палы
менен аўқатланатуғын еди. 7 Ол ха-
лыққа жәриялап:
– Мениң изимнен меннен де қү-
диретли Биреў киятыр. Мен ийи-
лип, Оның аяқ кийиминиң баўын
шешиўге де ылайықлы емеспен.
8 Мен сизлерди суў менен шомыл-
дырдым, ал Ол сизлерди Мухаддес
Руўх пенен шомылдырады, – деди.

### Ийсаның шомылдырылыўы

*(Мат 3:13-17; Лук 3:21-22)*

9 Сол күнлери Ийса Галила үл-
кесиндеги Насыра қаласынан ке-
лип, Иордан дәрьясында Яқыяның
қолынан шомылдырылды. 10 Ийса
суўдан шығыўдан-ақ, аспанның
ашылғанын ҳәм Мухаддес Руўх-
тың кептер пишининде Өзиниң
үстине түскенин көрди. 11 Сонда
аспаннан:
– Сен – Мениң сүйикли Улымсаң,
Мен Саған ырзаман![c] – деген саза
еситилди.

### Ийсаның сыналыўы

*(Мат 4:1-11; Лук 4:1-13)*

12 Соннан соң, дәрриў Мухад-
дес Руўх Ийсаны шөлге апарды.
13 Ийса шөлде қырық күн болып,
шайтан тәрепинен сыналды. Ол
жабайы ҳайўанлар арасында бол-
ды ҳәм периштелер Оған хыз-
мет етти.

### Ийсаның Өз хызметин баслаўы

*(Мат 4:12-17; Лук 4:14-15)*

14 Яқыя қамаққа алынғаннан ке-
йин, Ийса Галила үлкесине келди
ҳәм Қудайдың Хош Хабарын жә-
риялап:
15 – Ўақыт болды, Қудайдың Пат-
шалығы жақынлады. Тәўбе етип,
Хош Хабарға исениңлер! – деди.

### Ийсаның дәслепки шәкиртлери

16 Ийса Галила көлиниң жағасы
менен баратырғанда, көлге аў са-
лып жүрген Шимонды ҳәм оның
иниси Андрейди көрди. Олар ба-
лықшылар еди. 17 Ийса оларға:
– Мениң изиме ериңлер! Мен сиз-
лерди адамларды аўлайтуғын аў-
шылар[d] қыламан, – деди.
18 Олар дәрриў аўларын таслап,
Оның изине ерди.

---

a **1:3** Ийш 40:3.
b **1:4** *Суўға шомылдырыў* – грек тилинде «баптизо». Бул рәсим адамлардың Қудайдың алдында тәўбе етип, таза өмирди баслаўының нышаны.
c **1:11** Заб 2:7; Ийш 42:1.
d **1:17** *Адамларды аўлайтуғын аўшылар* – Қудайдың жолына түсириўшилер.

19 Ийса бираз жүргеннен соң, Зе-
бедейдиң улы Яқыпты ҳәм оның
иниси Юханды көрди. Олар қа-
йықта аўларын жамап отырған еди.
20 Ийса дәрриў оларды да шақырды.
Олар да әкеси Зебедейди жумыс-
шылар менен қайықта қалдырып,
Ийсаның изине ерди.

### Ийсаның жинди қуўып шығарыўы

*(Лук 4:31-37)*

21 Олар Капарнаҳум қаласына
келди. Шаббат күни Ийса дәрҳал
мәжилисханаға кирип, тәлим бере
баслады. 22 Адамлар Оның тәлими-
не таң қалысты, себеби Ол диний
муғаллимлер сияқлы емес, ал Өз
бийлиги менен тәлим берди.
23 Сол ўақытта олардың мәжи-
лисханасында жаўыз руўхлы бир
адам болып, ол:
24 – Насыралы Ийса! Бизлер ме-
нен не жумысың бар? Сен бизлерди
жоқ етиўге келдиң бе? Сениң ким
екениңди билемен, Сен – Қудай-
дың Мухаддесисең! – деп бақыра
баслады.
25 Бирақ Ийса жаўыз руўхқа ке-
йип:
– Үниңди өшир де, оннан шығып
кет! – деди.
26 Жаўыз руўх адамды қалты-
ратты да, қатты бақырып, оннан
шығып кетти. 27 Ҳәмме таң қалы-
сып, өз ара:
– Бул не? Бул қандай қүдиретли
жаңа тәлимат? Оның буйрығына
жаўыз руўхлар да бойсынады-ғо, –
дести.
28 Ийса ҳаққында хабар тез ара-
да пүткил Галила үлкесиниң ҳәм-
ме жерине тарқалды.

### Ийсаның көп адамларға шыпа бериўи

*(Мат 8:14-17; Лук 4:38-41)*

29 Мәжилисханадан шығыў-
дан-ақ, Ийса Яқып ҳәм Юхан ме-
нен бирге Шимон ҳәм Андрейдиң
үйине келди. 30 Шимонның қә-
йин енесиниң ыссылығы көтери-
лип, аўырып жатырған еди. Олар
Ийсаға ол ҳаққында дәрриў айтып
берди. 31 Ийса ҳаялдың қасына ба-
рып, қолынан услап турғызған-
да, оның ыссылығы түсип, оларға
хызмет етти.
32 Қуяш батып кеш түскенде,
адамлар Ийсаға барлық аўырған
ҳәм жин урғанларды алып келди.
33 Пүткил қала халқы есик алдына
жыйналды. 34 Ол ҳәр түрли аўырыў
менен аўырған көп адамларға шы-
па берди ҳәм көп жинлерди қуўып
шығарды. Ийса жинлердиң сөй-
леўине рухсат бермеди, өйткени
жинлер Оның ким екенин биле-
туғын еди.

### Ийсаның Галиладағы ўазы

35 Таң азанда Ийса ерте турып,
үйден шықты ҳәм аўлақ жерге ба-
рып, дуўа етти. 36 Шимон ҳәм оның
қасындағылар Оны излеп шықты.
37 Оны тапқаннан соң, Оған:
– Ҳәмме Сени излемекте, – дести.
38 Ол жуўап берип:
– Жүриңлер, жақын жайласқан
қалаларға барайық. Мен ол жер-
лерде де ўаз айтыўым керек, себеби
Мен сол ушын келгенмен, – деди.
39 Солай етип, Ийса пүткил Га-
лила үлкесин аралап, олардың
мәжилисханаларында ўаз айтып,
жинлерди қуўып шығарды.

### Ийсаның тери кеселлигине шалынған адамға шыпа бериўи

*(Мат 8:1-4; Лук 5:12-16)*

40 Тери кеселлигине шалынған бир адам Ийсаға келип, Оның алдында дизе бүкти ҳәм Оннан өтинип:

– Егер Сен қәлесең, мени кеселликтен тазалай аласаң, – деди.

41 Ийсаның жаны ашып, қолын созып, оған тийгизди де:

– Қәлеймен, тазалан! – деди.

42 Сол ўақытта-ақ сол адам тери кеселлигинен қутылып, тазаланды.
43 Ийса қатаң ескертип, оны дәрҳал жиберди де:

44 – Абайлы бол, ҳеш кимге ҳеш нәрсе айтыўшы болма! Бирақ руўханийге барып өзиңди көрсет те, тери кеселлигинен тазаланғаныңды адамларға дәлиллеў ушын, Муўса буйырған қурбанлықты бер,[a] – деди.

45 Бирақ ол барып, болған ўақыяның ҳәммесин жар салып айта баслады. Сол себепли, Ийса енди қалаға ашық кире алмай қалды ҳәм қала сыртындағы далаңлықта турды. Сонда да халық Оған ҳәр тәрептен келе берди.

### Ләң адамның шыпа табыўы

*(Мат 9:1-8; Лук 5:17-26)*

**2** 1 Бир неше күннен кейин, Ийса және Капарнаҳумға қайтып келди. Адамлар Оның үйде екенин еситкенде,
2 жыйналған адамның көплигинен есик алдында да орын қалмады. Ийса оларға Қудайдың сөзин айтып отырғанда,
3 төрт адам бир ләң адамды көтерип, Оған алып келди.
4 Бирақ адам көп болғанлықтан, Ийсаға жақынласа алмады. Сонлықтан олар Ийса отырған үйдиң төбесин ашып, ләң адамды төсеги менен төменге түсирди.
5 Ийса олардың исенимин көрип, ләң адамға:

– Балам, гүналарың кеширилди! – деди.

6 Сол жерде бир неше диний муғаллимлер отырған еди, олар ишлеринен:
7 «Ол неге Қудайға тил тийгизип тур? Гүналарды жалғыз Қудайдан басқа ким кешире алады?» – деп ойлады.

8 Ийса олардың не ойлағанын дәрриў билип:

– Ишлериңизден неге бундай нәрселерди ойлап турсызлар?
9 Ләң адамға нени айтыў аңсатырақ: «Гүналарың кеширилди», – деў ме ямаса «Орныңнан турып, төсегиңди алып жүр», – деў ме?
10 Бирақ, Адам Улының[b] жер бетинде гүналарды кешириўге бийлиги бар екенин билип қойыңлар, – деди де, ләң адамға:

11 – Саған айтаман: орныңнан тур да, төсегиңди алып, үйиңе бар! – деди.

12 Адам орнынан турды да, дәрриў төсегин алып, адамлардың көз алдында шығып кетти. Ҳәмме таң қалысты ҳәм Қудайды мақтап:

– Бизлер ҳеш қашан бундай нәрсени көрген жоқ едик, – дести.

### Лебийдиң шәкирт болыўы

*(Мат 9:9-13; Лук 5:27-32)*

13 Ийса және көл жағасына барғанда, халық Оның қасына келди

---

a **1:44** Леб 14:1-32.
b **2:10** *Адам Улы* – Ийса Масийх Өзин көбинесе усылай атады, сөзликке қараң.

ҳәм Ол адамларға тәлим берди.
14 Ийса кетип баратырып, салық
кеңсесинде отырған Алпейдиң улы
Лебийди[a] көрди де, оған:
– Мениң изиме ер! – деди.
Ол орнынан турып, Ийсаның изи-
не ерди.
15 Ийса Лебийдиң үйинде дас-
турхан басында отырғанда, көпле-
ген салықшылар менен гүнакарлар
Ол ҳәм Оның шәкиртлери менен
бирге аўқат жеди. Өйткени Оның
изине ериўши бундай адамлар көп
еди. 16 Парисейлер[b] арасындағы ди-
ний муғаллимлер Оның гүнакар-
лар ҳәм салықшылар менен бирге
ас ишип отырғанын көрип, Оның
шәкиртлерине:
– Ол неге салықшылар ҳәм гүна-
карлар менен бирге ас ишип отыр? –
деди.
17 Буны еситкен Ийса:
– Шыпакерге дени саўлар емес, ал
аўырыўлар мүтәж. Мен ҳақ адам-
ларды емес, ал гүнакарларды ша-
қырыў ушын келдим, – деди.

## Ораза ҳаққында сораў

*(Мат 9:14-17; Лук 5:33-39)*

18 Яқыяның ҳәм парисейлердиң
шәкиртлери ораза тутатуғын еди.
Айырым адамлар Ийсаға келип:
– Яқыяның ҳәм парисейлердиң
шәкиртлери ораза тутады, ал Се-
ниң шәкиртлериң неге ораза тут-
пайды? – деп сорады.
19 Ийса оларға:
– Тойға келгенлер күйеў олар ме-
нен бирге болған ўақытта ораза
тута ала ма? Күйеў өзлери менен
бирге болса, олар ораза тута ал-
майды. 20 Бирақ, олардан күйеў
тартып алып кетилетуғын күнлер
келеди, олар сонда, сол күнлери
ораза тутады.
21 Ҳеш ким ески кийимге жаңа
таўардан жамаў жамамайды. Олай
етсе, жуўғанда жаңа жамаў қысқа-
рып, ески кийимнен жыртылып
қалады ҳәм жыртық бурынғысы-
нан бетер болады. 22 Ҳеш ким жа-
ңа шарапты ески меске қуймайды.
Олай етсе, жаңа шарап ески мести
жарып, шарап та ағып кетеди, мес
те жарамсыз болып қалады. Жаңа
шарап жаңа меске қуйылыўы ти-
йис, – деди.

## Шаббат күни ҳаққында тартыс

*(Мат 12:1-8; Лук 6:1-5)*

23 Бир Шаббат күни Ийса бийдай
атызының арасынан өтип баратыр-
ғанда, шәкиртлери жол бойы бий-
дайдың масақларын үзе баслады.
24 Парисейлер Ийсаға:
– Қара, олар не ушын Шаббат кү-
нинде ислеўге болмайтуғын исти[c]
ислеп атыр, – деди.
25 Ийса оларға:
– Өзи де, қасындағылар да аў-
қатқа мүтәж болып аш қалғанда,
Даўыттың не ислегенин сизлер
ҳеш оқымағансызлар ма? 26 Ол бас
руўханий Абиятардың заманында
Қудайдың Үйине кирип, тек руў-
ханийлерге ғана жеўге болатуғын,
усынылған нанларды өзи де жеген,

---

a **2:14** *Лебий* – Матта деп те танылған. Мат 9:9 қараң.
b **2:16** *Парисейлер* – Ийсаның заманында яҳудий халқының күшли диний топары.
c **2:24** Шығ 34:21.

қасындағыларға да берген емес
пе?[a] – деди.
27 Ол және:
– Адам Шаббат күни ушын емес,
ал Шаббат күни адам ушын жара-
тылған. 28 Сонлықтан Адам Улы
Шаббат күнининң де ийеси, – деди.

### Ийсаның қолы ләң адамға шыпа бериўи

*(Мат 12:9-14; Лук 6:6-11)*

**3** 1 Ийса және мәжилисханаға
кирди. Ол жерде қолы ләң бир
адам бар еди. 2 Гейбиреўлер Ийса-
ны айыпламақшы болып, Шаббат
күни сол адамға шыпа бермес пе
екен деп, Оны аңлыды. 3 Ийса қо-
лы ләң адамға:
– Ортаға шық, – деди. 4 Соңынан
олардан:
– Нызам бойынша Шаббат кү-
ни не ислеген дурыс: жақсылық
па ямаса жаманлық па? Адамның
жанын қутқарыў ма ямаса набыт
қылыў ма? – деп сорады.
Бирақ олар үндемеди. 5 Ийса
оларға ашыўлы нәзер таслап, олар-
дың тас баўырлығына қыйналды
ҳәм сол адамға:
– Қолыңды соз, – деди.
Ол қолын созғанда, қолы бурын-
ғыдай сап-саў болып қалды. 6 Би-
рақ парисейлер сыртқа шыға сала
дәрриў Ийсаны жоқ қылыў туўра-
лы Ҳиродтың тәрепдарлары менен
тил бириктире баслады.

### Теңиз жағасындағы халық

7 Ийса Өз шәкиртлери менен
көлдиң жағасына шықты. Оған
Галиладан көп халық ерип жүр-
ди. Яҳудиядан, 8 Ерусалимнен,
Идумеядан, Иорданның арғы жа-
ғасынан ҳәм Тир менен Сидон әти-
рапынан жүдә көп адамлар Оның
ислеген ислери ҳаққында еситип,
Оған келди. 9 Халық көп жыйнал-
ғанлықтан, Өзин тығылыстырма-
сын деп, Ийса шәкиртлерине қайық
таярлаўды тапсырды. 10 Себеби Ол
көп адамларға шыпа бергенлик-
тен, аўырыў адамлардың ҳәмме-
си Оған қолларын тийгизбекши
болып, әтирапына тығылыса бер-
ди. 11 Ҳәр қашан жаўыз руўхлар
Ийсаны көргенде, Оның алдына
жығылып:
– Сен – Қудайдың Улысаң! – деп
бақырысатуғын еди.
12 Бирақ Ол Өзиниң ким екенли-
гин ашық айтыўды оларға қатаң
қадаған ететуғын еди.

### Ийсаның он еки елшисин таңлаўы

*(Мат 10:1-4; Лук 6:12-16)*

13 Ийса таўға шығып, Өзи қәле-
ген адамларды шақырғанда, олар
Оның қасына келди. 14-15 Өзи ме-
нен бирге болыў ушын, Қудайдың
сөзин жәриялаўға жибериў ушын
ҳәм жинлерди қуўып шығарыў-
ға бийлик бериў ушын он екисин
таңлады.
16 Ийса тайынлаған он еки ел-
ши мыналар еди: Ол Петр деп
атаған Шимон, 17 Ийса Боанергес,
яғный «гүлдирмаманың балала-
ры» деп атаған Зебедейдиң уллары
Яқып ҳәм Юхан, 18 Андрей, Филип,

---

[a] **2:25-26** 1Пат 21:6.

Бартоломей, Матта[a], Томас, Алпей-
диң улы Яқып, Таддей, ўатансүйер
Шимон 19 ҳәм кейин Ийсаға сат-
қынлық ислеген Яҳуда Исқариот.

### Ийса ҳәм Белзебул

*(Мат 12:22-32;*
*Лук 11:14-23; 12:10)*

20 Соңынан Ийса үйге киргенде,
және көп халық жыйналып, Оған
ҳәм шәкиртлерине аўқатланыў-
ға мүмкиншилик болмай қалды.
21 Ийсаның үй-иши буны еситип,
Оны алып кетиў ушын жолға шық-
ты. Өйткени адамлар: «Ол есинен
аўыпты», – деген еди.

22 Ерусалимнен келген диний му-
ғаллимлер:

– Онда Белзебул-шайтан бар. Ол
жинлерди жинлердиң баслығы-
ның күши менен қуўып шығарып
жүр, – дести.

23 Сонда Ийса оларды Өзине ша-
қырып алып, оларға тымсаллар ме-
нен сөйлей баслады:

– Шайтанды шайтан қалай қуўып
шығара алады? 24 Егер бир патша-
лық өз ишинен бөлинсе, ол қулай-
ды. 25 Бир үй өз ишинен бөлинсе, ол
қулайды. 26 Егер шайтан өзине өзи
қарсы шығып, өз ара бөлинсе, он-
да оның патшалығының қулап, та-
мам болатуғын ўақтының жеткени.

27 Ҳеш ким де күшли адамның
үйине кирип, мал-мүлкин тонай
алмайды. Тек оны байлағаннан ке-
йин ғана оның үйин тонай алады.

28 Сизлерге шынын айтып тур-
ман: адамлардың ҳәр қандай гү-
насы да, тил тийгизиўлери де
кешириледи. 29 Бирақ ким де ким
Мухаддес Руўхқа тил тийгизсе, ҳеш
қашан кеширилмейди. Ол мәңги-
ге гүналы болады. 30 Ийса бул сөз-
лерди адамлардың: «Онда жаўыз
руўх бар», – дегени себепли айтты.

### Ийсаның анасы ҳәм туўысқанлары

*(Мат 12:46-50; Лук 8:19-21)*

31 Сонда Ийсаның анасы ҳәм ту-
ўысқанлары келди. Олар үйдиң
сыртында турып, адам жиберип,
Оны шақыртты. 32 Әтирапында
отырған аламан Ийсаға:

– Анаң менен туўысқанларың ке-
лип, Сени сыртта шақырып тур, –
деди.

33 Ийса оларға жуўап қайтарып:

– Мениң анам ким, туўысқанла-
рым кимлер? – деди де, 34 әтира-
пында отырғанларға қарап: – Мине,
Мениң анам ҳәм туўысқанларым!
35 Ким де ким Қудайдың еркин
орынласа, Мениң туўысқаным да,
анам да – сол, – деди.

### Тұқым себиўши туўралы тымсал

*(Мат 13:1-9; Лук 8:4-8)*

4 1 Ийса және көл жағасында тә-
лим бере баслады. Әтирапына
жүдә көп халық жыйналғанлықтан,
көлдеги қайыққа минип отырды, ал
халық көлдиң жағасында, құрғақ-
лықта турды. 2 Ол халыққа тымсал-
лар менен көп нәрселерди үйретип,
былай деди:

3 – Тыңлаңлар: бир тұқым себиў-
ши тұқым себиўге шығыпты. 4 Ол
сепкенде, тұқымлардың гейбиреў-
лери жол шетине түсипти. Қуслар

a **3:18** *Матта* – Лебий деп те танылған. Мат 9:9 қараң.

ушып келип, оларды шоқып жеп
қойыпты. 5 Гейбиреўлери топыра-
ғы аз болған таслаққа түсип, жер
терең болмағанлықтан тез көгерип
шығыпты. 6 Бирақ күн шыққаннан
соң солып, тамырсыз болғанлық-
тан, қуўрап қалыпты. 7 Гейбиреў-
лери тикенлер арасына түсипти.
Тикенлер өскеннен соң, оларды
туншықтырып таслапты ҳәм олар
зүрәәт бермепти. 8 Ал басқалары
өнимли жерге түсип, көгерип өсип
шығыпты ҳәм гейбиреўлери отыз,
гейбиреўлери алпыс, гейбиреўлери
жүз еседен зүрәәт берипти.
9 Қулағы бар адам жақсылап еси-
тип алсын!

### Тымсалдың мақсети

*(Мат 13:10-17; Лук 8:9-10)*

10 Ийса жалғыз қалғанда, он еки
шәкирти ҳәм басқалар Оннан тым-
саллар ҳаққында сорады. 11 Ийса
оларға былай деди:
– Қудайдың Патшалығының сы-
рын билиў сизлерге берилген. Ал
сырттағы басқа адамларға ҳәм-
меси тымсаллап айтылады. 12 Со-
лай етип:

«Олар қарап турса да, көрмейди,
Тыңлап турса да, түсинбейди,
Қайтып келип, кеширилмейди»[а].

### Туқым себиўши туўралы тымсалдың түсиндирилиўи

*(Мат 13:18-23; Лук 8:11-15)*

13 Ийса оларға былай деди:
– Сизлер бул тымсалды түсин-
бейсизлер ме? Онда басқа барлық
тымсалларды қалай түсинесизлер?
14 Туқым себиўши Қудайдың сөзин
себеди. 15 Гейбир адамлар жол ше-
тине себилген туқымларға уқсайды,
олар Қудайдың сөзин еситиўден-
ақ, шайтан келип, олардың кеў-
лине себилген сөзди алып кетеди.
16 Базылар таслақ жерге себилген
туқымларға уқсайды. Олар сөзди
еситкен ўақытта-ақ оны қуўаныш
пенен қабыл етеди. 17 Бирақ та-
мырсыз болғанлықтан турақсыз-
лық етип, сөз ушын азап шегиўге
ямаса қуўдаланыўға туўра келген-
де, тез исенимнен қайтады.
18 Айырымлар тикенлер арасы-
на себилген туқымларға уқсайды.
19 Олар сөзди еситсе де, бул дүнья-
ның тәшиўишлери, байлыққа ал-
даныў ҳәм басқа да қумарлықлар
сөзди туншықтырады, сонлықтан
олар зүрәәт бермейди. 20 Ал бас-
қалары өнимли жерге себилген
туқымларға уқсайды. Олар сөзди
еситип, оны қабыл етеди ҳәм зүрәәт
береди: биреўлери отыз, биреўлери
алпыс, биреўлери жүз еседен береди.
21 Ийса оларға және былай деди:
– Ким шыраны ыдыстың ямаса
кәттиң астына қойыў ушын әке-
леди? Керисинше, оны шыра қой-
ғышқа қойыў ушын әкелмей ме?
22 Себеби ашылмайтуғын ҳеш қан-
дай сыр, билинбейтуғын ҳеш қан-
дай жасырын нәрсе жоқ. 23 Қулағы
бар адам жақсылап еситип алсын!
24 Ийса даўам етип, оларға бы-
лай деди:
– Еситкенлериңизге кеўил аўда-
рыңлар! Сизлер қандай өлшем ме-
нен өлшеп берсеңлер, өзлериңизге
де сондай өлшем менен өлшеп бе-
риледи. Ҳәтте, сизлерге қосымша

---

[а] **4:12** Ийш 6:9-10.

етип те бериледи. 25 Кимде бар бол-
са, оған қосымша етип бериледи,
ал кимде жоқ болса, оның бары да
тартып алынады.

### Өсип шыққан туқым туўралы тымсал

26 Соң Ийса:
– Қудайдың Патшалығы мына-
ған уқсайды: бир адам жерге ту-
қым сеўипти. 27 Ол түн болғанда
уйықлапты, күндиз болғанда оя-
ныпты: бирақ туқымның қалай
көгерип өскенин билмепти. 28 Өйт-
кени жер өз-өзинен зүрәәт береди:
дәслеп көк шығып, соңынан масақ,
ал оннан соң масақ ишинде дән өне-
ди. 29 Ал егин писип жетилискенде,
сол адам дәрриў орыўға кириседи,
себеби орыў мәҳәли келди, – деди.

### Қышқыл туқым туўралы тымсал

*(Мат 13:31-32; Лук 13:18-19)*
30 Ийса тағы былай деди:
– Қудайдың Патшалығын неге уқ-
сатайық? Оны қандай тымсал менен
түсиндириўге болады? 31 Ол қыш-
қыл туқымына[a] уқсайды. Жерге се-
билгенде, бул туқым жер жүзиндеги
барлық туқымлардың ең кишиси
болады. 32 Бирақ ол себилгеннен
соң өсип, шақалары жайылып, бар-
лық шөплерден үлкен болады ҳәм
оған аспан қуслары ушып келип,
саялы шақаларына уя салады.
33 Ийса усындай көп тымсаллар
менен халыққа түсине алғанынша
сөз айтты. 34 Оларға тымсалсыз ҳеш
нәрсе айтпады, ал шәкиртлери-
не аўлақта ҳәммесин түсиндирди.

### Ийсаның даўылды тоқтатыўы

*(Мат 8:23-27; Лук 8:22-25)*
35 Сол күни кеште Ийса шәкирт-
лерине:
– Көлдиң арғы жағасына өтейик, –
деди.
36 Олар халықты қалдырып,
Ийсаны отырған қайығы менен
алып кетти. Оның менен бирге бас-
қа қайықлар да бар еди. 37 Сонда
күшли даўыл көтерилип, толқын-
лар қайықты соққылағанда, қайық
суўға тола баслады. 38 Ал Ийса қа-
йықтың артқы жағында басына
дастық салып, уйықлап атыр еди.
Шәкиртлери Оны оятып:
– Устаз! Бизлер өлетуғын бол-
дық-ғо, сонда да Саған бәри бир
ме? – деди.
39 Ийса турды да, самалға тыйым
салып, толқынға:
– Тоқта! Тынышлан! – деп буйырды.
Сонда самал тоқтап, аўыр ты-
нышлық орнады.
40 Ийса оларға:
– Неге буншама қорқасызлар? Еле
исенимлериңиз жоқ па? – деди.
41 Бирақ олар қатты қорқысып,
бир-бирине:
– Самалды да, толқынды да Өзи-
не бойсындыратуғын бул ким? –
дести.

### Ийсаның жин урған адамға шыпа бериўи

*(Мат 8:28-34; Лук 8:26-39)*
**5** 1 Олар көлдиң арғы жағасын-
дағы герасалылардың үлкесине
келди. 2 Ийса қайықтан түсиўден-
ақ, Оның қарсы алдынан қәбирлер-

---

a **4:31** *Қышқыл туқым* – горчица.

диң арасы менен киятырған жаўыз
руўхқа шалынған адам шықты. 3 Бул
адам қәбирлер арасында жасап жүр-
ген болып, оны ҳеш ким шынжыр
менен де байлап қоя алмаған еди.
4 Неше рет шынжырласа да, кисен-
лесе де, ол ҳәр қашан шынжырлар-
ды үзип, кисенлерди сындырып
таслайтуғын еди. Оны бойсынды-
рыўға ҳеш кимниң күши жетпейту-
ғын еди. 5 Ол күни-түни қәбирлер
арасында ҳәм таўдың етеклеринде
бақырып жүрип, өзин таслар менен
жарақатлайтуғын еди.
6 Узақтан Ийсаны көрген ол жу-
ўырып келди де, аяғына жығылып:
7 – Қудай Тааланың Улы – Ийса!
Мениң менен не жумысың бар?
Қудай ушын өтинемен, мени қый-
нама! – деп қатты бақырды.
8 Өйткени Ийса: «Ҳәй, жаўыз
руўх, бул адамнан шығып кет!» –
деген еди.
9 Сонда Ийса оннан:
– Атың ким? – деп сорады.
Ол:
– Мениң атым Үлкен топар, се-
беби бизлер көппиз, – деди 10 ҳәм
өзлерин бул жерден басқа жаққа
жибермеўин өтинип, Оған қатты
жалынды.
11 Сол жердеги таўдың етегин-
де үлкен шошқа падасы жайылып
жүрген еди. 12 Жаўыз руўхлар
Ийсаға жалынып:
– Бизлерди сол шошқаларға жи-
бер, оларға кирейик, – деди.
13 Ийса оларға рухсат етти. Сонда
жаўыз руўхлар сол адамнан шығып,
шошқаларға кирди ҳәм еки мың-
ға шамалас шошқа падасы жуўы-
рысып, тик жардан көлге түсти де,
суўға батып кетти.
14 Шошқа бағыўшылар қашып
кетип, қала ҳәм аўылларға барды
да, болған ўақыяны айтып берди.
Адамлар не болғанын көриў ушын
келди. 15 Олар Ийсаның қасына
барып, бурын үлкен жин топары
урған адамның ақыл-еси кирип,
кийинип отырғанын көргенде қор-
қып қалысты. 16 Болған ўақыяны
көргенлер жин урған адамға ҳәм
шошқаларға не болғанын оларға
айтып берди.
17 Сонда адамлар Ийсадан олар-
дың үлкесинен кетиўин өтине бас-
лады.
18 Ийса қайыққа мингенде, жин-
нен азат болған адам Оған:
– Сениң менен бирге барайын, –
деп жалынды.
19 Бирақ Ийса оған рухсат етпей:
– Үйиңе, жақынларыңның қасына
қайт, Ийемиздиң саған не ислеге-
нин ҳәм Оның саған қандай мий-
рим-шәпәәт көрсеткенин оларға
айтып бер, – деди.
20 Ол адам сол жерден кетип,
Ийсаның оған не ислегенин Де-
каполиске барып жәриялай бас-
лады. Еситкенлердиң ҳәммеси таң
қалысты.

### Тирилген қыз ҳәм шыпа тапқан ҳаял

*(Мат 9:18-26; Лук 8:40-56)*

21 Ийса қайық пенен және ар-
ғы жаға өткенде, әтирапына көп
адам жыйналды. Ол жағада тур-
ғанда, 22 Яир атлы мәжилисхана
басшыларының бири келди. Ол
Ийсаны көрип, аяғына жығыл-
ды да:
23 – Кишкене қызым өлим тө-
сегинде жатыр. Сен келип, оның

үстине қолыңды қой, ол шыпа та-
ўып, тири қалсын! – деп қатты жа-
лынды.
24 Ийса оның менен бирге кетти.
Изине көп халық ерип, тығылыс-
тырып жүрди.
25 Сол жерде он еки жылдан бери
қан кетип аўырып жүрген бир ҳаял
бар еди. 26 Ол талай шыпакерлер-
ден көп азап шеккен еди ҳәм пүткил
мал-мүлкин сарплаған болса да ҳеш
шыпа таппай, аўҳалы бурынғысы-
нан бетер болған еди. 27 Ҳаял Ийса
ҳаққында еситип, адамлардың ара-
сы менен Оның артына жақын-
лап келип, Оның кийимине қолын
тийгизди. 28 Өйткени ол ишинен:
«Оның кийимине ғана қолымды
тийгизсем, шыпа табаман», – де-
ген еди.
29 Сол ўақытта-ақ ҳаялдың қан
кетиўи тоқтады ҳәм ол денесиниң
шыпа тапқанын сезди. 30 Сонда
Ийса Өзинен күш шыққанын дәр-
риў билип, халыққа бурылды да:
– Мениң кийимиме ким қолын
тийгизди? – деп сорады.
31 Шәкиртлери Оған:
– Халықтың Сени тығылысты-
рып киятырғанын көрип турып,
неге: «Мениң кийимиме ким қол
тийгизди», – деп сорайсаң? – деди.
32 Бирақ Ийса буны ким ислеге-
нин көриў ушын, әтирапына қарай
баслады. 33 Сонда өзине не бол-
ғанын билген ҳаял қорқып ҳәм
қалтырап, Оның алдына келди де,
аяғына жығылып, бар ҳақыйқатты
айтып берди. 34 Ийса оған:
– Қызым! Исенимиң сени қут-
қарды. Тынышлық пенен бара бер,
енди дәртиңнен азап шекпейсең, –
деди.
35 Ол еле усыларды айтып тур-
ғанда, мәжилисхана басшысының
үйинен адамлар келип:
– Қызыңыз өлди. Енди неге Ус-
таздың тынышын алып турсыз? –
деди.
36 Бирақ Ийса бул сөзлерди есит-
се де, мәжилисхана басшысына:
– Қорқпа, тек исен, – деди.
37 Ийса Өзине Петр, Яқып ҳәм
оның иниси Юханнан басқа ҳеш
кимниң ериўине рухсат етпеди.
38 Олар мәжилисхана басшысының
үйине келгенде, даўыс шығарып
қатты жылап атырған адамларды
көрди. 39 Ийса ишке кирип:
– Неге қайғырып, жылап турсыз-
лар? Қыз өлген жоқ, тек уйықлап
атыр, – деди.
40 Олар Ийсаның үстинен күлди.
Бирақ Ол ҳәммени шығарып жибе-
рип, Өзи менен бирге қыздың ата-
анасын ҳәм шәкиртлерин алып, қыз
жатырған бөлмеге кирди. 41 Қыз-
дың қолынан услап, оған:
– Талита куми! – деди. Бул: «Қы-
зым, саған айтаман, түргел», – де-
генди билдиреди.
42 Қыз дәрриў орнынан турып,
жүре баслады, оның жасы он еки-
де еди. Буны көргенлер қатты таң
қалысты. 43 Ийса оларға бул ҳақ-
қында ҳеш кимге айтпаўды қатаң
буйырып, қызға аўқат бериўди тап-
сырды.

### Насыралылардың Ийсаны тән алмаўы

*(Мат 13:53-58; Лук 4:16-30)*

6 1 Ийса сол жерден шығып, Өзи
өскен қалаға келди. Оның изине
шәкиртлери де ерди. 2 Шаббат күни
болғанда, Ол мәжилисханада тәлим

бере баслады. Оны тыңлаған көп адамлар таң қалысып:

– Булардың бәрин Ол қаяқтан алған? Оған бундай craft даналықты ким берген? Оның қоллары усындай кәраматларды қалай ислемекте?
3 Ол ағаш устасы емес пе? Ол Мәриямның улы, Яқып, Иосес, Яҳуда ҳәм Шимонлардың ағасы емес пе? Оның қарындаслары да усы жерде, бизлердиң арамызда емес пе? – десип, Оны тән алмады.

4 Ийса оларға:

– Қәдирленбейтуғын пайғамбар болмайды, ол тек өз ўатанында, ағайин-туўғанларының арасында ҳәм үйинде ғана қәдирсиз, – деди.

5 Ийса ол жерде тек бир неше аўырыў адамлардың үстине ғана қолын қойып, шыпа берди, бирақ басқа кәраматлар ислей алмады
6 ҳәм олардың исенимсизлигине ҳайран қалды.

## Ийсаның он еки шәкиртине тапсырма бериўи

*(Мат 10:5-15; Лук 9:1-6)*

Соңынан Ийса сол әтираптағы аўылларды аралап, тәлим берди.
7 Он еки шәкиртин шақырып алып, оларды екеў-екеўден жибере баслады ҳәм оларға жаўыз руўхларды қуўып шығарыўға бийлик берди.
8 Оларға:

– Жолға жалғыз таяқтан басқа ҳеш нәрсе: нан да, дорба да, қалталарыңызға ақша да алмаңлар,
9 аяқларыңызға аяқ кийим кийсеңлер де, артық кийим алмаңлар, – деп буйырды.

10 Ол және:

– Барған жериңизде қайсы үйге кирсеңиз, ол жерден шығып кеткениңизше, сол үйде болыңлар.
11 Егер бир жерде сизлерди қабыл етпесе ҳәм сөзлериңизди тыңламаса, сол жерден шығып баратырып, оларға ескертиў ретинде, аяқларыңыздағы шаңды қағып кетиңлер*, – деди.

12 Шәкиртлер барып, халыққа тәўбе етиўди жәриялап жүрди
13 ҳәм көп жинлерди қуўып шығарып, көп аўырыў адамларды май менен сылап, оларға шыпа берди.

## Шомылдырыўшы Яқыяның өлтирилиўи

*(Мат 14:1-12; Лук 9:7-9)*

14 Патша Ҳирод Ийса туўралы еситти, себеби Оның аты ҳәммеге белгили болған еди. Гейбиреўлер: «Бул – өлимнен қайта тирилген шомылдырыўшы Яқыя, сонлықтан да Ол усындай кәраматлар ислемекте», – десе,
15 базылар: «Бул – Илияс[a]», – дести. Тағы басқалар: «Ол – бурынғы пайғамбарлар сыяқлы, бир пайғамбар», – дести.

16 Ал буны еситкен Ҳирод:

– Мен басын кестирген Яқыя тирилип келипти, – деди.

17 Ҳирод адам жиберип, Яқыяны услатып байлатты да, оны қаматып таслаған еди. Себеби ол өз иниси Филиптиң ҳаялы Ҳиродияға үйленген еди.
18 Өйткени Яқыя оған: «Туўысқаныңның ҳаялын алыўың нызамға туўры келмейди», – деген еди.

19 Ал Ҳиродия кек сақлап, Яқыяны өлтирмекши болды,

---

[a] **6:15** Мал 4:5-6.

бирақ өлтире алмады. 20 Себеби
Ҳирод Яқыяның ҳақ ҳәм мухад-
дес адам екенин билип, оннан
қорқып, оны қорғайтуғын еди.
Ол Яқыяның сөзлерин еситкенде
қатты тынышсызланса да, олар-
ды қызығыўшылық пенен тың-
лайтуғын еди.
21 Күнлердиң биринде қолайлы
жағдай туўылды. Ҳирод туўылған
күнинде сарай ҳәмелдарларына,
әскербасыларға ҳәм Галила үлке-
синиң басшыларына зыяпат берди.
22 Сонда Ҳиродияның қызы келип
ойынға түсип, Ҳиродтың ҳәм оның
қонақларының кеўлинен шықты.
Ҳирод қызға:
– Меннен не тилесең де сора, бе-
ремен, – деди.
23 Және де, қызға ант ишип:
– Не тилесең де, ҳәтте, патшалы-
ғымның ярымына дейин болса да
беремен, – деди.
24 Қыз сыртқа шығып, анасына:
– Не сорайын? – деди.
Анасы:
– Шомылдырыўшы Яқыяның ба-
сын сора! – деди.
25 Қыз асығыслық пенен дәрриў
патшаға келди де:
– Маған тап ҳәзир шомылдырыў-
шы Яқыяның басын алдырып,
табаққа салып бериўиңизди қә-
леймен, – деди.
26 Патша буған қатты қыйналса
да, қонақларының алдында ант
ишкенлиги себепли, қыздың ти-
легине қарсы тура алмады. 27 Сон-
лықтан патша сол ўақытта-ақ
жәлладын жиберип, Яқыяның ба-
сын әкелиўди буйырды. Жәллад
барып, қамақта Яқыяның басын
кесип алды да, 28 табаққа салып,
қызға әкелип берди, ал қыз оны
анасына берди. 29 Буны еситкен
Яқыяның шәкиртлери келип, оның
денесин алып кетти де, қәбирге
қойды.

### Ийсаның бес мың адамды тойғызыўы

*(Мат 14:13-21; Лук 9:10-17; Юхн 6:1-14)*

30 Елшилер Ийсаның қасына қай-
тып келип, Оған барлығын: қан-
дай ислер ислегенин ҳәм халыққа
нелерди үйреткенин айтып берди.
31 Ийса оларға:
– Келиңлер, аўлақ жерге барайық,
ол жерде сизлер бираз дем аласыз-
лар, – деди.
Өйткени келип-кетиўшилер көп
болғанлықтан, олардың аўқатла-
ныўға да ўақты жоқ еди. 32 Сон-
лықтан да олар қайыққа минип,
жалғыз өзлери елсиз жерге кетти.
33 Бирақ көп адамлар олардың ке-
тип баратырғанын көрди. Оларды
таныған лықтан, барлық қалалар-
дан шықты да, жаға бойлап жу-
ўырысып, олардан бурын жетип
келди. 34 Ийса қайықтан түскенде
соншама халықты көрип, олар-
ға жаны ашыды. Себеби олар шо-
пансыз қойларға уқсайтуғын еди.
Сонлықтан Ийса оларға көп нәр-
селерди үйрете баслады. 35 Кеш
болғанда, Оның шәкиртлери қа-
сына келип:
– Бул – бир елсиз жер, күн де кеш
болды. 36 Оларды тарқатып жибер,
әтираптағы аўыл-елатларға барып,
өзлерине азық сатып алсын, – деди.
37 Ийса оларға жуўап берип:
– Оларға сизлер аўқат бериңлер! –
дегенде, олар:

– Ырасында да, еки жүз динарға[a]
нан сатып алып, халыққа жегизе-
йик пе? – деди.
38 Ийса оларға:
– Қанша наныңыз бар? Барып кө-
риңлер, – деди.
Олар билип келип:
– Бес нан менен еки балық бар
екен, – деди.
39 Сонда Ийса шәкиртлерине ха-
лықты топ-топқа бөлип, жасыл
шөптиң үстине отырғызыўды бу-
йырды. 40 Халық жүзден, елиўден
топарға бөлинип отырды. 41 Ийса
бес нан менен еки балықты алып,
аспанға қарап Қудайға шүкирлик
етти. Нанларды сындырып, халық-
қа тарқатыў ушын шәкиртлерине
берди ҳәм еки балықты да барлы-
ғына үлестирди. 42 Олардың ҳәм-
меси жеп тойды. 43 Аўысқан нан
бөleклерин ҳәм балықларды жый-
нап, үлкен он еки себет толтырды.
44 Нан жеген ер адам бес мыңға
шамалас еди.

## Ийсаның суўдың үсти менен жүриўи

*(Мат 14:22-33; Юхн 6:15-21)*

45 Буннан соң, дәрҳал Ийса шә-
киртлерине қайыққа миниўди
ҳәм Өзинен бурын арғы жағадағы
Бетсайдаға кетиўди буйырды. Ал
Өзи халықты тарқатып жиберди.
46 Оларды жибергеннен соң, дуўа
етиў ушын таўға шықты. 47 Кеш
болғанда қайық көлдиң ортасын-
да болып, ал Ийсаның жалғыз Өзи
жағада еди. 48 Самал қарсы есип
турғанлықтан, Ийса шәкиртле-
риниң ескек есиўге қыйналып
атырғанын көрди. Таңғы төрт-
лерде Ийса көлдиң үсти менен
шәкиртлерине қарай жүрип, олар-
дың қасынан өтейин деп те қалды.
49 Шәкиртлери көлдиң үсти менен
киятырған Ийсаны көргенде әрўақ
деп ойлап, бақырысып жиберди.
50 Өйткени ҳәммеси Оны көрип,
қорқып қалысқан еди. Бирақ Ийса
оларға дәрриў:
– Жигерлениңлер! Бул Мен, қорқ-
паңлар! – деди.
51 Ийса олардың қайығына ми-
ниўден, самал тоқтады. Олар қат-
ты таң қалысты. 52 Себеби олар нан
менен болған кәраматты түсинбе-
ген еди: кеўиллери соқыр еди.
53 Ийса ҳәм Оның шәкиртлери
көлдиң арғы жағасына өтип, Ген-
несарет жерине келип тоқтады да,
қайықты байлап қойды. 54 Олар қа-
йықтан түскенде, адамлар Ийсаны
дәрриў танып, 55 пүткил дөгерек-
ке жуўырысты. Оның қай жерде
екенлигин еситиўден, Оған аўырыў
адамларды төсеклери менен әкеле
баслады. 56 Ол қай жерге келмесин:
аўылларға ма, қалаларға ма, елат-
ларға ма, адамлар аўырыўларды
базар майданларына алып келди.
Олар Ийсадан ҳеш болмаса кийи-
миниң шетине ғана қол тийгизиўге
рухсат сорады. Оған қол тийгиз-
генлердиң ҳәммеси шыпа тапты.

## Адамды не ҳарамлайды?

*(Мат 15:1-20)*

7 1 Ийсаның қасына Ерусалимнен
келген парисейлер ҳәм айы-
рым диний муғаллимлер жыйнал-
ды. 2 Олар Ийсаның шәкиртлериниң

---

a **6:37** *Еки жүз динар* – бир динар жумысшының бир күнлик ис ҳақысы.

айырымларының ҳарам, яғный үрп-
әдет бойынша жуўылмаған қоллары
менен аўқат жегенин көрди.
3 Өйткени парисейлер ҳәм бар-
лық яҳудийлер ата-бабаларынан
қалған үрп-әдетлерин сақлап, қол-
ларын жақсылап жуўмай турып
аўқат жемейтуғын 4 ҳәм және де,
базардан келип, жуўынбағанша
аўқатланбайтуғын еди. Олар бас-
қа да көп дәстүрлерди сақлаўды
үрдис еткен. Мысалы: кесе, гүзе,
мыс қазанларды жуўады.
5 Сонлықтан парисейлер менен
диний муғаллимлер Ийсадан:
– Неге Сениң шәкиртлериң ата-
бабалардан қалған үрп-әдетлерди
орынламай, ҳарам қоллары менен
аўқат жейди? – деп сорады.
6 Ийса оларға:
– Сизлер, еки жүзлилер тууралы
Ийшая пайғамбар мынадай деп ду-
рыс болжаған:

«Бул халық сыйлар Мени тили
менен,
Бирақ жүреги Меннен алыс.
7 Олар Маған босқа сыйынып,
Адам ойлап тапқан парызларды
үйретер»[a].

8 Сизлер Қудайдың буйрығын
таслап, адамлардың дәстүрлерин
орынлап жүрсизлер*, – деди.
9 Ийса оларға және:
– Сизлер өз дәстүрлериңизди
сақлаў ушын, Қудайдың буйры-
ғын бийкарлаўды ақылға муўапық
деп есаплайсызлар. 10 Муўса: «Ата-
анаңды ҳүрметле»[b] ҳәм «Ким де
ким әкесине ямаса анасына жаман
сөз айтса, ол сөзсиз өлтирилсин»,[c] –
деген. 11 Бирақ сизлер: «Ким де ким
әкесине ямаса анасына: „Саған бе-
ретуғынымды Қудайға қурбан қы-
лып бағышладым“, десе, 12 сол адам
ата-анасына ҳеш жәрдем бермесе
де болады», – дейсизлер.
13 Солай етип, сизлер өз үрп-әдет-
лериңиз бенен Қудайдың сөзин
бийкар етип, басқа да усы сыяқлы
көп ислерди ислейсизлер, – деди.
14 Ийса халықты және Өзине ша-
қырып алып былай деди:
– Мени ҳәммеңиз тыңлап, түси-
нип алыңлар. 15 Адамның иши-
не сырттан киретуғын ҳеш нәрсе
оны ҳарамлай алмайды, ал адам-
ды оның ишинен шығатуғын нәр-
се ҳарамлайды. [16 *]
17 Ол халықтың қасынан кетип,
үйге киргенде, шәкиртлери сол
тымсал ҳаққында сорады. 18 Ийса
оларға:
– Еле сизлер де түсинбедиңлер
ме? Адамның ишине сырттан ки-
ретуғын ҳеш нәрсе оны ҳарамлай
алмайтуғынын түсинбейсизлер ме?
19 Себеби ол оның кеўлине емес, ал
қарнына барып, соңынан сыртқа
шығады, – деди.
Солай етип, Ийса ҳәр қандай
азық-аўқаттың ҳадал екенин айтты.
20 Ол және:
– Адамды оның ишинен шыққан
нәрселер ҳарамлайды. 21 Өйткени
иштен, адамның кеўлинен жаман
ойлар, бузықшылық, урлық ислеў,
адам өлтириў, 22 неке ҳадаллығын
бузыў, нәпсиқаўлық, жаўызлық,

---

a **7:6-7** Ийш 29:13.
b **7:10** Шығ 20:12; Нзм 5:16.
c **7:10** Шығ 21:17; Ерм 20:9.

алдаў, азғынлық, күншиллик, масқаралаў, менменлик, ақылсызлық шығады. 23 Бул жаманлықлардың барлығы адамның ишинен шығып, оны ҳарамлайды, – деди.

## Сирофеникиялы ҳаялдың исеними

*(Мат 15:21-28)*

24 Ийса сол жерден шығып, Тир* үлкесине келди. Ол бир үйге кирди ҳәм буны ҳеш кимниң билгенин қәлемеди, бирақ жасырына алмады. 25 Кишкене қызы жаўыз руўхқа шалынған бир ҳаял Ийса ҳаққында еситип, дәрҳал Оған келди де, аяғына жығылды. 26 Бул – Сирофеникия елинде туўылған грек ҳаялы еди. Ол Ийсадан қызындағы жинди қуўып шығарыўды өтинди.
27 Ал Ийса оған:
– Биринши балаларды тойдырыў керек, балалардың нанын алып, ийтлерге таслаў дурыс емес, – деди.
28 Ҳаял жуўап берип:
– Дурыс, Ийем. Бирақ ийтлер де дастурханнан түскен балалардың нанының усақларын жейди-ғо, – деди.
29 Ийса оған:
– Усы жуўабың ушын үйиңе қайта бер, қызыңнан жин шығып кетти, – деди.
30 Ҳаял үйине келгенде, қызының төсекте жатырғанын ҳәм оннан жинниң шығып кеткенин көрди.

## Ийсаның ҳәм гереӊ, ҳәм сақаў адамға шыпа бериўи

31 Ийса Тир үлкесинен шығып, Сидон арқалы Декаполистиң үсти менен Галила көлине қайтып келди.
32 Сол жерде адамлар Оған ҳәм гереӊ, ҳәм сақаў болған адамды алып келип, оның үстине қолын қойыўын өтинди. 33 Ийса оны шетирек шығарып, қулақларына бармақларын тықты да, түкирип, қолын оның тилине тийгизди. 34 Аспанға қарап гүрсинди де, оған:
– Эффата! – деди. Бул «ашыл» дегенди билдиреди.
35 Сол ўақытта-ақ адамның қулақлары ашылды ҳәм ол тилге кирип, дурыс сөйлей баслады. 36 Ийса адамларға бул ҳаққында ҳеш кимге айтпаўды буйырды. Бирақ Ол оларға қанша тыйым салса да, олар және де көбирек жая берди. 37 Адамлар қатты таң қалысып:
– Ол ҳәммесин жақсы ислейди: гереңлерди еситетуғын, гүңелеклерди сөйлейтуғын қылады, – дести.

## Ийсаның төрт мың адамды тойғызыўы

*(Мат 15:32-39)*

**8** 1 Сол күнлери көп халық жыйналды. Олардың жейтуғын ҳеш нәрсеси болмағанлықтан, Ийса шәкиртлерин жанына шақырып алып:
2 – Халыққа жаным ашып тур. Олар үш күннен бери Мениң қасымда болып, жейтуғын ҳеш нәрсеси жоқ. 3 Егер оларды аш ҳалында үйлерине жиберсем, жолда ҳәлсиреп қалады. Және де, олардың гейбиреўлери узақтан келген, – деди.
4 Шәкиртлери Оған жуўап берип:
– Ким усындай бир елсиз жерде соншелли адамды тойдырыў ушын нан таба алады? – деди.
5 Ийса олардан:
– Неше наныңыз бар? – деп сорады.
Олар:
– Жетеў, – деп жуўап берди.

6 Сонда Ийса халыққа жерге отырыўды буйырды. Жети нанды алып, Қудайға шүкирлик етти ҳәм таркатыў ушын, шәкиртлерине сындырып берди. Шәкиртлери халыққа
тарқатты. 7 Оларда және бир неше киши балық та бар еди. Ийса Қудайға шүкирлик етип, оларды да
тарқатыўды буйырды. 8 Халық жеп тойды ҳәм аўысып қалған бөleклерди жыйнап, жети себет толтырды.
9 Ол жерде төрт мыңға шамалас адам бар еди. Ийса адамларды тарқатып жиберди
10 ҳәм шәкиртлери менен дәрриў қайыққа минип, Далманута үлкесине кетти.

## Ийсадан кәраматлы белги көрсетиўди талап етиў

*(Мат 16:1-4)*

11 Парисейлер Ийсаға келип, Оның менен тартыса баслады ҳәм Оны сынап көриў ушын, аспаннан кәраматлы белги көрсетиўди талап
етти. 12 Ийса аўыр гүрсинип:

– Неге бул әўлад кәраматлы белги талап етип атыр? Шынын айтып турман: бул әўладқа ҳеш қандай кәраматлы белги көрсетилмейди, – деди.

13 Соңынан оларды қалдырып, және қайыққа минди де, арғы жағаға кетти.

## Жалған тәлиматлардан сақ болыңлар!

*(Мат 16:5-12)*

14 Шәкиртлери өзлери менен бирге нан алыўды умытып кетип, қайықта тек ғана бир нан бар еди.
15 Ийса оларды ескертип:

– Абайлаңлар, парисейлердиң ҳәм Ҳиродтың ашытқысынан сақ болыңлар! – деди.

16 Олар:

– Нанымыз жоқ болғанлықтан усылай деди, – деп, өз ара айтыса баслады.

17 Ийса буны билип, олардан:

– Неге сизлер наныңыздың жоқлығын айтысып турсызлар? Елеге дейин көрмей ҳәм түсинбей турсызлар ма? Елеге дейин кеўиллериңиз соқыр ма?
18 Неге көзлериңиз бола тура көрмейсизлер, қулақларыңыз бола тура еситпейсизлер? Еслериңизде жоқ па?
19 Мен бес нанды бес мың адамға сындырып бергенимде, аўысқан бөleклерди жыйнап неше себет толтырдыңлар? – деп сорады.

– Он еки, – деп жуўап берди олар.

20 Ийса және:

– Мен жети нанды сындырып, төрт мың адамға бөлистиргенимде, аўысқан бөleклерди жыйнап неше себет толтырдыңлар? – деп сорады.

– Жети, – деп жуўап берди олар.

21 Ийса оларға:

– Сонда еле де түсинбедиңлер ме? – деди.

## Ийсаның Бетсайдада соқыр адамға шыпа бериўи

22 Ийса шәкиртлери менен Бетсайдаға келгенде, адамлар Ийсаға бир соқыр адамды әкелип, оған қолын тийгизиўин өтинди.
23 Ийса соқыр адамның қолынан услап, оны аўылдың сыртына алып шықты. Оның көзлерине түкирип, оның үстине қолларын қойды да:

– Бир нәрсе көрип турсаң ба? – деп сорады.

24 Ол қарап:

– Адамларды көрип турман. Олар
жүрип баратырған тереклерге уқ-
сайды, – деди.
25 Сонда Ийса оның көзлерине
және қолларын қойғанда, ол тиги-
лип қарады да, шыпа таўып, ҳәм-
месин анық көре баслады. 26 Ийса
оны үйине жиберип, оған:
– Аўылға барма! – деди.

### Петрдиң Ийсаның Масийх екенлигин мойынлаўы

*(Мат 16:13-20; Лук 9:18-21)*

27 Ийса Өз шәкиртлери менен Фи-
лип Кесариясындағы аўылларға
кетти. Жол бойы шәкиртлеринен:
– Мени адамлар ким деп санай-
ды? – деп сорады.
28 Олар жуўап берип:
– Биреўлер шомылдырыўшы
Яқыя, екиншилер Илияс, тағы бас-
қалар пайғамбарлардың бири де-
седи, – деди.
29 Ийса олардан:
– Ал сизлер Мени ким деп санай-
сызлар? – деп сорады.
Петр жуўап берип:
– Сен – Масийхсаң, – деди.
30 Сонда Ийса оларға Өзи ҳақ-
қында ҳеш кимге айтпаўды ес-
кертти.

### Ийсаның Өз өлими ҳәм қайта тирилиўи ҳаққында билдириўи

*(Мат 16:21-28; Лук 9:22-27)*

31 Ийса Адам Улының көп азап
шегип, ақсақаллар, бас руўханий-
лер ҳәм диний муғаллимлер тәре-
пинен қабыл алынбай өлтирилиўи
ҳәм үшинши күни қайта тирили-
ўи тийис екенлигин оларға үйре-
те баслады. 32 Ол бул ҳаққында
ашық-айдын айтты. Бирақ Петр
Оны шетке шақырып алып, қарсы
сөйлей баслады. 33 Ийса бурылып,
Өзиниң басқа шәкиртлерине қара-
ды да, Петрге қатаң жуўап берип:
– Жоқ бол көзимнен, шайтан! Сен
Қудайдың емес, ал адамның исле-
рин ойлап турсаң, – деди.
34 Соңынан Ийса шәкиртлери
менен халықты Өзине шақырып
алып:
– Ким де ким Маған ергиси келсе,
өзинен кешсин ҳәм өз атанақ аға-
шын арқалап, Мениң изиме ерсин.
35 Себеби ким де ким өз жанын
сақламақшы болса, оны жоғалта-
ды. Ал ким де ким өз жанын Мен
ҳәм Хош Хабар ушын жоғалтса,
оны сақлап қалады. 36 Адам пүт-
кил дүньяны ийелеп алып, бирақ
өз жанын жоғалтса, буннан оған не
пайда? 37 Ол өз жаны ушын қандай
төлем бере алады? 38 Егер ким де
ким усы опасыз ҳәм гүнакар әўлад-
та Меннен ҳәм Мениң сөзлеримнен
арланса, Адам Улы да Әкесиниң
салтанатында Өзиниң мухаддес
периштелери менен келгенде, он-
нан арланады, – деди.

**9** 1 Ийса оларға және:
– Сизлерге шынын айтаман:
бул жерде турғанлардың гейбиреў-
лери Қудайдың Патшалығының
Өз қүдирети менен келгенин көр-
мегенше, өлмейди, – деди.

### Ийсаның түр-түсиниң өзгериўи

*(Мат 17:1-13; Лук 9:28-36)*

2 Арадан алты күн өткеннен соң,
Ийса тек Петр, Яқып ҳәм Юхан-
ды алып, бәлент бир таўға шықты.

Сонда олардың алдында Ийсаның
түр-түси өзгерди. 3 Оның кийими
жарқырап кетип, қардай аппақ түс-
ке енди. Жер жүзинде ҳеш бир кир
жуўыўшы бундай қылып ағарта
алмас еди. 4 Сонда оларға Илияс
ҳәм Муўса пайғамбарлар көринип,
Ийса менен сөйлесип турды. 5 Петр
Ийсаға:
– Устаз, бизлердиң бул жерде бол-
ғанымыз қандай жақсы! Бизлер
үш қос қурайық: биреўин Саған,
биреўин Муўсаға, биреўин Или-
ясқа, – деди.
6 Петр бул сөзлерди не айтарын
билмегенликтен айтты, өйткени
шәкиртлер қатты қорқып қалған
еди.
7 Сол ўақытта бир булт пайда бо-
лып, оларды қаплады. Булттан:
– Бул – Мениң сүйикли Улым![a]
Оның айтқанын тыңлаңлар! – де-
ген саза еситилди.
8 Шәкиртлери бирден жән-жағы-
на қарағанда, өзлериниң қасында
Ийсадан басқа ҳеш кимди көрмеди.
9 Таўдан төмен түсип баратыр-
ғанда, Ийса оларға:
– Адам Улы өлимнен қайта тирил-
генше, бул көргенлериңизди ҳеш
кимге айтпаңлар, – деп буйырды.
10 Олар бул ўақыяны сыр сақлап,
«өлимнен қайта тирилиў» дегенниң
не екенлиги ҳаққында бир-бири-
нен сорайтуғын еди. 11 Шәкиртле-
ри Ийсадан:
– Неге диний муғаллимлер алды
менен Илияс келиўи шәрт дейди? –
деп сорады.
12 Ийса оларға жуўап берип:
– Дурыс, алды менен Илияс ке-
лип, ҳәммесин дүзетеди.[b] Бирақ неге
Адам Улы көп азап шегип, қабыл-
ланбаўы шәрт, деп жазылған? 13 Сиз-
лерге айтатуғыным: Илияс келген
еди. Бирақ ол ҳаққында жазылған-
дай, адамлар оған қәлегенин ислеп,
жаман қатнаста болды, – деди.

### Ийсаның жин урған балаға шыпа бериўи

*(Мат 17:14-20; Лук 9:37-43)*

14 Олар басқа шәкиртлерине қай-
тып келгенде, шәкиртлерди қорша-
ған көп халықты ҳәм олар менен
тартысып турған диний муғал-
лимлерди көрди. 15 Пүткил халық
Ийсаны көриўден таң қалысты ҳәм
жуўырысып келип, Оған сәлем бер-
ди. 16 Ийса олардан:
– Олар менен не ҳаққында тарты-
сып турсызлар? – деп сорады.
17 Халық арасынан бир адам Оған
жуўап берип:
– Устаз! Мен Саған тилсиз руўх
урғанлықтан гүңелек болып қалған
баламды алып келдим. 18 Балам-
ды руўх тутқанда, жерге жығады.
Оның аўзында көбик пайда болады
ҳәм ол тислерин қайрап, қатып қа-
лады. Мен Сениң шәкиртлериңнен
жаўыз руўхты қуўып шығарыўды
өтинген едим, бирақ олардың қо-
лынан келмеди, – деди.
19 Сонда Ийса оларға:
– Ҳәй, исенбейтуғын әўлад! Мен
қашанға дейин сизлер менен бирге
боламан? Қашанға дейин сизлерге
шыдайман? Баланы Маған алып
келиңлер, – деди.

---

a **9:7** Заб 2:7.
b **9:12** Мал 4:5-6.

20 Олар баланы Ийсаға алып кел-
ди. Ийсаны көриўден руўх баланы
дәрриў қалтыратты. Бала жерге
жығылды да, аўзынан көбиги ағып,
аўнап жатты. 21 Сонда Ийса бала-
ның әкесинен:
– Бундай болғанына қанша ўақыт
болды? – деп сорады.
Әкеси:
– Кишкене бала ўақтынан усын-
дай. 22 Руўх оны өлтирмекши бо-
лып, неше мәрте отқа да, суўға да
таслады. Егер қолыңнан келсе, биз-
лерди аяп, жәрдем ете гөр, – деди.
23 Ийса оған:
– Егер қолыңнан келсе, дейсең бе?
Исенетуғын адамға ҳәмме нәрсе
мүмкин, – деди.
24 Баланың әкеси дәрҳал жылап
жиберип:
– Мен исенемен, аз исенимимниң
беккем болыўына жәрдем ет! – деп
бақырды.
25 Халықтың жуўырысып кия-
тырғанын көргенде Ийса жаўыз
руўхқа кейип:
– Ҳәй, тилсиз ҳәм гереӊ руўх! Бу-
йыраман: оннан шығып кет ҳәм
қайтып оған кириўши болма, – де-
ди.
26 Сонда руўх шыңғырып, бала-
ны қатты қалтыратты да, оннан
шығып кетти. Бала өлидей болып
жатырғанлықтан, адамлардың кө-
биси:
– Ол өлип қалды, – деди.
27 Бирақ Ийса оны қолынан услап
турғызғанда, ол орнынан турды.
28 Ийса үйге киргеннен кейин,
шәкиртлери аўлақта Оннан:
– Бизлер неге жаўыз руўхты қу-
ўып шығара алмадық? – деп со-
рады.
29 Ийса оларға жуўап берип:
– Жинлердиң бундай түрин тек
дуўа етиў арқалы қуўып шығарыў-
ға болады, – деди.

### Ийсаның және Өз өлими ҳәм қайта тирилиўи ҳаққында билдириўи

*(Мат 17:22-23; Лук 9:43-45)*

30 Сол жерден шығып, олар Га-
лила арқалы өтти. Ийса буны
ҳеш кимниң билмеўин қәледи.
31 Себеби Ол шәкиртлерине тә-
лим берип:
– Адам Улы адамлардың қолы-
на услап бериледи, олар Оны өл-
тиреди ҳәм өлтирилгеннен кейин,
Ол үшинши күни қайта тириле-
ди, – деди.
32 Бирақ шәкиртлери бул сөзлер-
диң мәнисин түсинбеди, ал сора-
йын десе қорқты.

### Аспан Патшалығында ең уллы ким?

*(Мат 18:1-5; Лук 9:46-48)*

33 Олар Капарнаҳумға келди.
Ийса үйде болғанда, шәкиртле-
ринен:
– Жол бойы не ҳаққында тартыс-
тыңлар? – деп сорады.
34 Бирақ олар үндемеди. Өйтке-
ни олар жол бойы арасында ким-
ниң ең уллы екенлиги ҳаққында
тартысқан еди. 35 Ийса отырып,
он еки шәкиртин шақырып алды
да, оларға:
– Егер ким де ким биринши бол-
ғысы келсе, сол ең соңғы болып,
ҳәммеге хызмет етиўи шәрт, – деди.
36 Соң кишкене бир баланы алып,
олардың ортасына турғызды да,
оны қушақлап:

[37] – Ким де ким мынадай кишкене бир баланы Мениң атым ушын қабыл етсе, оның Мени қабыл еткени болады. Ал ким де ким Мени қабыл етсе, оның тек Мени емес, ал Мени Жибергенди қабыл еткени болады, – деди.

### Бизлерге қарсы болмаған – бизлердиң тәрепдарымыз

*(Лук 9:49-50)*

[38] Юхан Ийсаға:

– Устаз! Сениң атың менен жинлерди қуўып шығарып жүрген бир адамды көрдик. Бирақ ол бизлерге ерип жүрмегенликтен, оған тыйым салдық, – деди.

[39] Ал Ийса былай деди:

– Оған тыйым салмаңлар, себеби Мениң атым менен кәрамат көрсеткенлердиң хеш қайсысы да Мен туўралы жақын арада жаман сөз айта алмайды. [40] Өйткени ким де ким бизлерге қарсы болмаса, ол бизлердиң тәрепдарымыз. [41] Сизлерге шынын айтып турман: ким де ким Масийхқа тийисли болғаныңыз себепли, Мениң атым ушын сизлерге бир кесе суў ишкизсе, ол сыйсыз қалмайды.

### Азғырылып гүна ислемең

*(Мат 18:6-9; Лук 17:1-2)*

[42] – Және де, ким де ким Маған исенетуғын мына кишкенелердиң биреўин азғырса, оның мойнына үлкен дигирман тасы байланып теңизге тасланғаны оған жақсырақ болады. [43] Егер сени қолың азғырса, оны шаўып тасла. Еки қолың менен дозаққа, сөнбес отқа тасланғаныңнан гөре, шолақ болып мәңгилик өмирге ерискениң жақсырақ. [[44] *] [45] Егер сени аяғың азғырса, оны шаўып тасла. Еки аяғың менен дозаққа тасланғаныңнан гөре, шолақ болып мәңгилик өмирге ерискениң жақсырақ. [[46] *]
[47] Егер сени көзиң азғырса, оны ойып тасла. Еки көзиң менен дозаққа тасланғаныңнан гөре, жалғыз көзиң менен Қудайдың Патшалығына киргениң жақсырақ. Дозақта [48] «оларды жеп атырған қурт та өлмейди, жандырып атырған от та сөнбейди»[a].

[49] Затлардың отта сыналып, дуз бенен тазаланғаны сыяқлы, хәр бир адам солай сыналып, тазаланады*.

[50] Дуз – жақсы нәрсе. Бирақ дуз өз күшин жойтса, оны қалай және шорлы қылыўға болады? Ишиңизде дуз болсын, бир-бириңиз бенен татыў жасаңлар, – деди.

### Ажырасыў ҳаққында

*(Мат 19:1-12; Лук 16:18)*

**10** [1] Ийса сол жерди қалдырып, Яҳудия үлкесине ҳәм Иорданның арғы тәрепине кетти. Оның жанына және көп халық жыйналған еди ҳәм Ол тағы әдеттегидей оларға тәлим берди.

[2] Ийсаға айырым парисейлер келди ҳәм Оны сынап көрмекши болып:

– Ер адамның ҳаялынан ажырасыўы нызамға туўры келе ме? – деп сорады.

[3] Ийса сораўға сораў менен жуўап берип:

– Муўса сизлерге нени буйырған еди? – деди.

---

a **9:48** Ийш 66:24.

**4** Олар:
– Муўса ер адамның ҳаялына та-
лақ хат жазып, ажырасыўына рух-
сат еткен,[a] – деди.
**5** Ийса оларға:
– Сизлер тас баўыр болғанлық-
тан, ол усы буйрықты жазған еди.
**6** Бирақ жаратылыстың басында
былай болды: «Қудай адамларды
еркек ҳәм ҳаял қылып жаратқан»[b].
**7** «Сонлықтан ер адам ата-анасын
қалдырып, өз ҳаялына қосылады
**8** ҳәм екеўи бир дене болады. Со-
лай етип, олар енди еки емес, ал
бир дене болады»[c]. **9** Сол себепли,
Қудай қосқанларды адам ажырат-
пасын, – деди.
**10** Үйде болғанда, Оннан шәкирт-
лери және усылар ҳаққында сора-
ды. **11** Ийса оларға:
– Ким де ким өз ҳаялы менен ажы-
расып, басқа ҳаял алса, ол ҳаялы-
на болған неке ҳадаллығын бузған
болады. **12** Ҳаял да өз күйеўи менен
ажырасып, басқа еркекке турмыс-
қа шықса, ол да неке ҳадаллығын
бузған болады, – деди.

### Ийсаның балаларға пәтия бериўи

*(Мат 19:13-15; Лук 18:15-17)*
**13** Қолын тийгизсин деп, адамлар
Ийсаға балаларын алып келди. Ал
шәкиртлери оларға кейиди. **14** Буны
көргенде Ийса оларға ашыўланып:
– Балалардың Маған келиўи-
не рухсат бериңлер! Оларға тос-
қынлық жасамаңлар! Өйткени
Қудайдың Патшалығы усын-
дайлардики. **15** Сизлерге шынын
айтаман: ким де ким Қудайдың
Патшалығын кишкене бала сы-
яқлы қабыл етпесе, ол оған кире
алмайды, – деди.
**16** Соңынан балаларды қушақлап,
олардың үстине қолларын қойып,
пәтиясын берди.

### Байлық ҳәм мәңгилик өмир

*(Мат 19:16-30; Лук 18:18-30)*
**17** Ийса жолға шығып баратыр-
ғанда бир адам жуўырып келип,
Оның алдында дизе бүкти де:
– Ийгиликли Устаз! Мәңгилик
өмирди алыўым ушын не ислеўим
керек? – деп сорады.
**18** Ийса оған:
– Сен неге Мени ийгиликли деп
атап атырсаң? Жалғыз Қудайдан
басқа ҳеш ким ийгиликли емес.
**19** Оның буйрықларын өзиң биле-
сең: «Адам өлтирме, неке ҳадаллы-
ғын бузба, урлық ислеме, жалған
гүўалық берме, жалатайлық қыл-
ма, ата-анаңды ҳүрметле»[d], – деди.
**20** Ол Ийсаға:
– Устаз! Мен булардың ҳәммесин
бала ўақтымнан бери орынлап кия-
тырман, – деди.
**21** Ийса оған сүйиспеншилик пе-
нен қарап:
– Саған бир нәрсе жетиспейди. Ба-
рып барлық мал-мүлкиңди сатып,
ақшасын жарлыларға бер, сонда се-
ниң ғәзийнең аспанда болады. Соңы-
нан келип, Мениң изиме ер, – деди.

---

[a] **10:4** Нзм 24:1.
[b] **10:6** Жар 1:27.
[c] **10:7-8** Жар 2:24.
[d] **10:19** Шығ 20:12-16; Нзм 5:16-20.

22 Бирақ жигит бул сөзлерди
еситкенде түри өзгерип кетти. Ол
қапа болып, кетип қалды. Себеби
оның байлығы көп еди.
23 Ийса әтирапына қарап, шә-
киртлерине:
– Байлығы барларға Қудайдың
Патшалығына кириў қандай қы-
йын! – деди.
24 Шәкиртлери бул сөзлерди
еситип, таң қалысты. Бирақ Ийса
оларға және:
– Балаларым! Қудайдың Патша-
лығына кириў қандай қыйын! 25 Бай
адамның Қудайдың Патшалығына
кириўинен гөре, түйеге ийнениң кө-
зинен өтиў аңсатырақ, – деди.
26 Олар қатты таң қалысып, бир-
бирине:
– Олай болса, ким қутқарыла ала-
ды? – деди.
27 Ийса оларға қарап:
– Бул адамлардың қолынан кел-
мейди, бирақ Қудайдың қолынан
келеди. Өйткени Қудай ушын мүм-
кин емес нәрсе жоқ, – деди.
28 Сонда Петр сөз баслап, Оған:
– Минекей, бизлер ҳәмме нәр-
семизди таслап, Сениң изиңе ер-
дик, – деди.
29 Ийса жуўап берип:
– Шынын айтып турман: ким де
ким Мен ушын ҳәм Хош Хабар ушын
үйлерин, аға-инилерин, апа-қарын-
дасларын, ата-анасын, балаларын,
мал-мүлкин таслап шықса, 30 ол ҳә-
зир, бул дүньяда қуўдаланыўлар ме-
нен бирликте жүз есе артығы менен
үйлерин де, аға-инилерин де, апа-
қарындасларын да, ата-анасын да,
балаларын да, жерлерин де алады
ҳәм келешекте мәңгилик өмирге ийе
болады. 31 Бирақ, бириншилердиң
көбиси соңғылар, соңғылардың кө-
биси бириншилер болады, – деди.

### Ийсаның Өз өлими ҳәм қайта тирилиўи ҳаққында үшинши рет айтыўы

*(Мат 20:17-19; Лук 18:31-34)*

32 Олар Ерусалимге көтериле-
туғын жолда баратырғанда, Ийса
шәкиртлериниң алдында жүрди. Шә-
киртлери таң қалысты, ал ерип кия-
тырғанлар қорқынышта еди. Ийса он
еки шәкиртин және шақырып алды
да, Өзине не болатуғыны ҳаққын-
да оларға айта баслап, былай деди:
33 – Минекей, бизлер Ерусалимге
қарай көтерилип баратырмыз. Сол
жерде Адам Улы бас руўханийлер
менен диний муғаллимлердиң қо-
лына услап бериледи. Олар Оны
өлимге ҳүким етип, басқа миллет
адамларына тапсырады. 34 Олар
Оны масқаралап, Оған түкиреди ҳәм
қамшылап сабап, өлтиреди. Ал үш
күннен кейин, Ол қайта тириледи.

### Яқып ҳәм Юханның тилеги

*(Мат 20:20-28)*

35 Сонда Зебедейдиң уллары
Яқып ҳәм Юхан Ийсаға келип:
– Устаз! Бизлер не сорасақ та, со-
ны орынлаўыңды қәлеймиз, – деди.
36 Ийса олардан:
– Мениң сизлер ушын не исле-
ўимди қәлейсизлер? – деп сорады.
37 Олар:
– Өзиңниң салтанатлы патшалы-
ғыңда биреўимизди оң жағыңа, екин-
шимизди сол жағыңа отырғыз, – деди.
38 Ийса:
– Сизлер не сорап турғаныңызды
билмейсизлер. Сизлер Мен ишету-
ғын азап кесесинен ише аласызлар

ма? Мениң шомылдырылатуғы-
нымдай, шомылдырыла аласыз-
лар ма? – деди.
**39** Олар:
– Аўа, аламыз, – деп жуўап берди.
Ийса оларға:
– Мен ишетуғын азап кесесинен
сизлер де ишесизлер, Мениң шо-
мылдырылатуғынымдай, сизлер
де шомылдырыласызлар. **40** Бирақ
Мениң оң жағым ямаса сол жағыма
отырғызыў Мениң еркимде емес.
Бул орынлар кимлерге арналған
болса, солар отырады, – деди.
**41** Қалған он шәкирт буны есит-
кенде, Яқып пенен Юханға ашыў-
ланып қалды. **42** Сонда Ийса оларды
қасына шақырып алып:
– Басқа миллетлер арасында ҳү-
кимдарлар деп есапланғанлар ха-
лыққа зулымлық етип, басшылары
үстемлик пенен басқаратуғынын
билесизлер. **43** Бирақ, сизлердиң
араңызда бундай болмасын. Ара-
ңызда ким уллы болғысы келсе, ол
сизлерге хызметши болыўы шәрт.
**44** Араңызда ким биринши болғы-
сы келсе, сол ҳәммеге қул болыўы
шәрт. **45** Себеби Адам Улы Өзине
хызмет еттириўге емес, ал Өзи хыз-
мет етиўге ҳәм көплердиң азатлық
қунын төлеў ушын, Өз жанын ба-
ғышлаўға келди, – деди.

### Ийсаның соқыр Бартимейге шыпа бериўи

*(Мат 20:29-34; Лук 18:35-43)*

**46** Олар Ерихоға келди. Ийса Өз
шәкиртлери ҳәм көп халық пенен
Ериходан шығып баратырғанда,
Тимейдиң улы соқыр Бартимей
жол бойында тиленшилик етип
отыр еди. **47** Ол насыралы Ийса-
ның сол жерде екенин еситкенде:
– Даўыттың Урпағы[a] Ийса! Ма-
ған реҳим ете гөр! – деп бақыра
баслады.
**48** Көп адамлар үнин шығарма-
ўын айтып, оған кейиди. Бирақ
ол оннан да бетер қатты бақырып:
– Даўыттың Урпағы! Маған ре-
ҳим ете гөр! – деди.
**49** Ийса тоқтап:
– Оны шақырың, – деди.
Адамлар соқырды шақырып:
– Жигерли бол, орныңнан тур! Ол
сени шақырып атыр, – деди.
**50** Ол шапанын шешти де, орны-
нан ушып турып, Ийсаға келди.
**51** Ийса оннан:
– Сен ушын не ислеўимди қәлей-
сең? – деп сорады.
Соқыр адам Оған:
– Устаз! Көзлерим көретуғын бол-
сын, – деди.
**52** Ийса оған:
– Бар, исенимиң сени қутқарды, –
деди.
Сол ўақытта-ақ соқырдың көзи
қайтадан көретуғын болды ҳәм ол
Ийсаның изине ерип, жолға түсти.

### Ийсаның Ерусалимге салтанатлы түрде кириўи

*(Мат 21:1-11; Лук 19:28-40; Юхн 12:12-19)*

**11** **1** Олар Ерусалимге жақынлап,
Зәйтүн таўының етегиндеги
Бетфаге ҳәм Бетания деген аўыллар-
ға келгенде, Ийса шәкиртлериниң
екеўин жумсап, **2** оларға былай деди:

---

[a] **10:47** *Даўыттың Урпағы* – Масийхтың басқа атағы.

– Қарсы алдыңыздағы аўылға
барыңлар. Оған кириўден-ақ, еле
ҳеш ким минбеген, байлаўлы тур-
ған бир гүррени табасызлар. Оны
шешип, алып келиңлер. 3 Егер би-
реў сизлерден: «Неге бундай ислеп
атырсызлар?» – деп сораса, сизлер:
«Бул Ийемизге керек. Ол буны тез
қайтарып жибереди», – деп жуўап
бериңлер.
4 Олар барып, көшедеги дәрўаза
қасында байланған гүррени тапты
ҳәм оны шешип алды. 5 Сол жерде
турған гейбиреўлер оларға:
– Гүррени шешип алып не қыла-
жақсызлар? – деп сорады.
6 Олар Ийсаның айтқанындай
жуўап бергенде, адамлар оларға
рухсат берди. 7 Гүррени Ийсаға
алып келип, өзлериниң шапан-
ларын оның үстине жапты, Ийса
гүррелге минип алды. 8 Көп адам-
лар шапанларын жолға төсеп, ал
гейбиреўлер даладағы терек-
лерден шақа кесип алып, жолға
жайды. 9 Алдында ҳәм изде ерип
киятырғанлар былай деп бақы-
рысты:
– «Ҳосанна![a]
Жаратқан Ийениң аты
менен келетуғын
жарылқансын!
10 Бабамыз Даўыттың жақынлап
киятырған Патшалығы
жарылқанған!
Ең жоқарыда ҳосанна!»[b]
11 Ийса Ерусалимге келип, Иба-
датханаға кирди. Ол жерде ҳәмме
нәрсени көзден кеширип болып,
кеш болғанлықтан, он еки шәкир-
ти менен Бетанияға кетти.

**Ийсаның әнжир
ағашын ғарғаўы**

*(Мат 21:18-19)*

12 Келеси күни олар Бетаниядан
шыққанда, Ийса аш болды. 13 Ол
алыстан жапырақлары менен қап-
ланған бир әнжир ағашын көрип,
оннан бир нәрсе табылар ма екен
деп, қасына барды. Бирақ жемис
беретуғын ўақты болмағанлық-
тан, жапырақларынан басқа ҳеш
нәрсе таппады. 14 Сонда Ол ағашқа:
– Буннан былай, мәңгиге сениң
мийўеңнен ҳеш ким жемесин! –
деди.
Буны шәкиртлери де еситти.

**Ийсаның Ибадатханадан
сатыўшыларды қуўыўы**

*(Мат 21:12-17; Лук 19:45-48;
Юхн 2:13-22)*

15 Олар Ерусалимге келген-
де, Ийса Ибадатханаға кирип, ол
жерден сатыўшылар менен алыў-
шыларды қуўып шығара баслады.
Ақша алмастырыўшылардың стол-
ларын, кептер сатыўшылардың
отырғышларын аўдарып таслады
16 ҳәм Ибадатхананың ҳәўлиси ар-
қалы ҳеш кимге ҳеш нәрсе алып
өтиўге рухсат етпеди.
17 Соңынан халыққа тәлим берип:
– «Мениң Үйим ҳәмме
халықлар ушын,
Дуўа ететуғын үй деп
аталады»[c], –

---

[a] **11:9** *Ҳосанна!* – «Қутқара гөр!» деген мәнисте. Қудайды алғыслағанда айтылады.
[b] **11:9-10** Заб 117:25-26.
[c] **11:17** Ийш 56:7.

деп жазылмаған ба? Ал сизлер оны
қарақшылардың уясына айлан-
дырдыңлар[a], – деди.
18 Бас руўханийлер ҳәм диний му-
ғаллимлер буны еситип, Оны жоқ
қылыўдың жолын изледи. Өйткени
пүткил халық Ийсаның тәлимине
таң қалысқанлықтан, олар Оннан
қорқатуғын еди.
19 Кеш болғанда, Ийса шәкирт-
лери менен қаладан шығып кетти.

### Қуўрап қалған әнжир ағашы

*(Мат 21:20-22)*

20 Олар ерте азанда өтип баратырып,
әнжир ағашының тамырына дейин
қуўрап қалғанын көрди. 21 Петр бол-
ған ўақыяны есине түсирип, Ийсаға:
– Устаз! Қара, Сен ғарғаған әнжир
ағашы қуўрап қалыпты, – деди.
22 Ийса оларға жуўап берип:
– Қудайға исениңлер. 23 Сизлерге
шынын айтып турман: егер ким де
ким бул таўға: «Орныңнан көтерилип,
теңизге қула», – десе ҳәм кеўлинде
гүманланбай, айтқанының орынла-
натуғынына исенсе, оның айтқаны
орынланады. 24 Сонлықтан сизлерге
айтатуғыным: дуўа еткениңизде нени
сорасаңлар да, алғаныңызға исениң,
сонда ол сизлерге бериледи. 25 Дуўа
етип турғаныңызда, биреўге өкпели
болсаңыз, оны кешириң, сонда ас-
пандағы Әкеңиз де сизлердиң гүна-
ларыңызды кеширеди, – деди. [26 *]

### Ийсаның бийлиги ҳаққында сораў

*(Мат 21:23-27; Лук 20:1-8)*

27 Олар және Ерусалимге келди.
Ийса Ибадатхананың ҳәўлисинде
айланып жүргенде, Оған бас руў-
ханийлер, диний муғаллимлер ҳәм
ақсақаллар келип, 28 Оннан:
– Бул ислерди қандай бийлик
пенен ислеп жүрсең ҳәм бундай
бийликти Саған ким берди? – деп
сорады.
29 Ийса оларға жуўап берип:
– Мен де сизлерге бир сораў бере-
йин, жуўап бериңлер. Сонда Мен
де бул ислерди қандай бийлик пе-
нен ислейтуғынымды айтаман.
30 Яқыяның шомылдырыўы ас-
паннан болды ма ямаса адамлар-
дан ба? Жуўап бериңлер, – деди.
31 Олар өз ара ойласа баслады:
«Егер „аспаннан“ десек, Ол: „Сон-
да неге оған исенбедиңлер“, дейди.
32 „Адамлардан“ дейик пе?»
Бирақ ондай деўге халықтан
қорқты, себеби ҳәмме Яқыяны ҳа-
қыйқый пайғамбар деп санайтуғын
еди. 33 Сонлықтан олар Ийсаға:
– Билмеймиз, – деп жуўап берди.
Ийса оларға:
– Ондай болса, Мен де сизлерге
бул ислерди қандай бийлик пе-
нен ислейтуғынымды айтпайман, –
деди.

### Жаўыз дийханлар ҳаққында тымсал

*(Мат 21:33-46; Лук 20:9-19)*

12 1 Ийса оларға тымсаллар
менен сөйлей баслады:
– Бир адам жүзим бағын отырғы-
зып, оны дийўал менен қоршапты
ҳәм шарап искенжесин қазып, гүзет
минарасын орнатыпты. Соңынан ба-
ғын дийханларға ижараға берип, өзи
узақ жерге кетип қалыпты. 2 Терим

---

a 11:17 Ерм 7:11.

мәўсими келгенде, ол бағдың жеми-
синен тийисли үлесин алыў ушын,
дийханларға өзиниң бир хызмет-
шисин жиберипти. 3 Бирақ олар хыз-
метшини услап алып сабап, қуры
қол қайтарыпты. 4 Ол және олар-
ға басқа хызметшисин жиберген-
де, оның басын жарып, бийабырай
қылыпты. 5 Сонда ол және басқа бир
хызметшисин жибергенде, олар оны
өлтирипти. Ол және де көп басқа
хызметшилерин жибергенде, гейби-
реўлерин сабап, гейбиреўлерин өл-
тирипти. 6 Енди бир ғана адам, оның
сүйикли улы қалыпты. Ең ақырын-
да ол: «Улымды ҳүрмет етер» деп,
оларға өз улын жиберипти. 7 Бирақ
дийханлар бир-бирине: «Бул – мий-
расхор-ғо. Жүриңлер, оны өлтире-
йик, сонда мийрас мүлки бизлерге
қалады», – десипти. 8 Солай етип,
оны услап алып өлтирип, жүзим ба-
ғынан сыртқа шығарып таслапты.
9 Енди жүзим бағының ийеси не
ислейди? Ол келип, дийханларды
жоқ қылады да, жүзим бағын бас-
қаларға береди. 10 Сизлер Мухаддес
Жазыўдағы мына сөзлерди оқыма-
ғансызлар ма:

«Қурылысшылардың керексиз
деп таслаған тасы,
Үйдиң мүйешиниң тийкарғы
тасы болды.
11 Жаратқан Ийе қылған бул ис,
Көзимизге әжайып көринди!»[a]

12 Олар бул тымсалдың өзлерине
қарсы айтылғанын билип, Ийсаны
қолға алыўға тырысты. Бирақ ха-
лықтан қорққанлықтан Оны қал-
дырып, кетип қалды.

## Салық төлеў туўралы

*(Мат 22:15-22; Лук 20:20-26)*

13 Соңынан олар Ийсаны сөзинен
тутыў ушын, парисейлердиң ҳәм
Ҳиродтың тәрепдарларының гей-
биреўлерин Оған жиберди. 14 Олар
Ийсаға келип:

– Устаз! Бизлер Сениң дурыс адам
екениңди ҳәм жағымпазлық етпей-
туғыныңды билемиз. Өйткени Сен
адамлардың бет-жүзине қарамай,
Қудайдың жолын дурыс үйретип
отырсаң. Рим императорына салық
төлеў дурыс па ямаса надурыс па?
Төлеўимиз керек пе ямаса керек
емес пе? – деп сорады.

15 Бирақ Ийса олардың еки жүз-
лилигин билип:

– Мени неге сынап атырсызлар?
Маған бир динар әкелиңлер, көре-
йин, – деди.

16 Олар алып келгенде, Ол:

– Бунда кимниң сүўрети бар ҳәм
кимниң аты жазылған? – деп сорады.

Олар:

– Рим императорының, – деди.

17 Сонда Ийса оларға жуўап бе-
рип:

– Императордың ҳақын импера-
торға, Қудайдың ҳақын Қудайға
бериңлер, – деди.

Олар Оған таң қалысты.

## Қайта тирилиў ҳаққында сораў

*(Мат 22:23-33; Лук 20:27-40)*

18 Соңынан қайта тирилиў жоқ
деўши саддукейлердиң[b] бир неше-
си Ийсаға келип Оннан:

---

[a] **12:10-11** Заб 117:22-23.

[b] **12:18** *Саддукейлер* – Ийсаның заманында яҳудий халқының күшли диний топары.

19 – Устаз! Муўса бизлерге: «Егер
биреўдиң ағасы баласыз өлип, ҳа-
ялын қалдырса, иниси оның ҳая-
лын алып, өз ағасының урпағын
даўам еттирсин»,[a] – деп жазып
қалдырған. 20 Ағайинли жети жи-
гит бар еди. Олардың бириншиси
үйленип, изинде бала қалдырмай
өлип кетти. 21 Сол ҳаялды екин-
шиси алып, ол да изинде бала қал-
дырмай өлип кетти. Үшиншисине
де солай болды. 22 Жети ағайин-
линиң ҳеш қайсысы да изинде ба-
ла қалдырмастан өлип кетти. Ең
соңында ҳаялдың өзи де қайтыс
болды. 23 Олар қайта тирилгенде,
ҳаял қайсысының ҳаялы болады?
Себеби ол жетеўине де ҳаял бол-
ған еди-ғо, – деп сорады.
24 Ийса оларға жуўап берип:
– Сизлер Муқаддес Жазыўларды
да, Қудайдың қүдиретин де бил-
мегенликтен алжасып турсызлар.
25 Өйткени адамлар өлимнен қай-
та тирилгенде үйленбейди де, тур-
мысқа да шықпайды, ал аспандағы
периштелер сыяқлы болады. 26 Өл-
генлердиң қайта тирилиўи туўра-
лы Муўсаның китабында, жанып
турған пута ҳаққында айтылған ўа-
қыяда Қудайдың не айтқанын оқы-
мағансызлар ма? Қудай Муўсаға:
«Мен – Ибрайымның Қудайыман,
Ысақтың Қудайыман, Яқыптың
Қудайыман»[b], – деген. 27 Қудай
өлилердиң емес, ал тирилердиң
Қудайы. Сизлер қатты алжасып
турсызлар, – деди.

## Ең баслы буйрық

*(Мат 22:34-40; Лук 10:25-28)*

28 Диний муғаллимлердиң би-
ри олардың тартысларын еситти.
Ийсаның оларға жақсы жуўап бер-
генин көрип, Оннан:
– Буйрықлардың ишинде ең бас-
лысы қайсы? – деп сорады.
29 Ийса оған:
– Ең баслы буйрық бул: «Қулақ
сал, Израил! Қудайымыз Жаратқан
Ийе – жалғыз Ийе. 30 Қудайың
Жаратқан Ийени шын жүрегиң,
жан-тәниң, пүткил ақыл-ойың ҳәм
бар күшиң менен сүй»[c]. 31 Екинши-
си мынадай: «Өзиңди сүйгениң сы-
яқлы, жаныңдағы адамды да сүй»[d].
Булардан уллы буйрық жоқ, – деди.
32 Диний муғаллим Оған:
– Аўа, Устаз! «Қудай – жалғыз,
Оннан басқа қудай жоқ», – деп ду-
рыс айттың. 33 Қудайды пүткил
жүрегиң, пүткил ақылың, пүт-
кил күшиң менен сүйиў ҳәм өзиң-
ди сүйгениң сыяқлы, жаныңдағы
адамды да сүйиў – ҳәмме жанды-
рылатуғын қурбанлықлардан ҳәм
Қудай жолына берилген садақа-
лардан артық, – деди.
34 Ийса оның ақылға сай жуўап
бергенин көрип:
– Сен Қудайдың Патшалығынан
алыс емессең, – деди.
Соннан соң, Оған сораў бериў-
ге ҳеш кимниң батылы бармады.

---

[a] **12:19** Нзм 25:5-6.
[b] **12:26** Шығ 3:6.
[c] **12:29-30** Нзм 6:4-5.
[d] **12:31** Леб 19:18.

### Масийх кимниң Урпағы?

*(Мат 22:41-46; Лук 20:41-44)*
35 Ийса Ибадатханада адамларға
тәлим берип атырып:
– Қалайынша диний муғаллим-
лер Масийхты Даўыттың Урпағы
дейди? 36 Даўыттың өзи Мухаддес
Руўхтан илҳамланып, былай деген:
«Жаратқан Ийе Ийеме айтты:
„Душпанларыңды аяғыңның
астына бастырмағанымша,
Мениң оң жағымда отыр!“»[a]
37 Даўыттың өзи Оны «Ийем» деп
атаған болса, Ол қалайынша оның
урпағы болады? – деп сорады.
Көп халық Оны қуўаныш пенен
тыңлады.

### Диний муғаллимлер ҳаққында

*(Мат 23:1-36; Лук 20:45-47)*
38 Ийса тәлим берип:
– Диний муғаллимлерден сақ бо-
лыңлар! Олар узын кийим кийип
жүргенди, базар майданларында
өзлерине сыйлап сәлем бергенди,
39 мәжилисханаларда сыйлы орын-
да, зыяпатларда төрде отырғанды
жақсы көреди. 40 Олар жесир ҳа-
яллардың үйлерин жалмап жутып,
көзге көриниў ушын узақ дуўа ете-
ди. Бундай адамлар ең аўыр жаза
алады, – деди.

### Жесир ҳаялдың садақасы

*(Лук 21:1-4)*
41 Ийса Ибадатханадағы садақа
қутысының қарсысында халық-
тың қутыға ақша салыўына қарап
отырды. Байлардың көбиси көп
ақша салды. 42 Сонда бир жарлы
жесир ҳаял келип, еки тийин сал-
ды. 43 Ийса шәкиртлерин қасына
шақырып алып:
– Сизлерге шынын айтып турман:
бул жарлы жесир ҳаял қутыға ақ-
ша салғанлардың ҳәммесинен көп
салды. 44 Себеби олардың ҳәмме-
си өз байлықларынан аўысқанын
салды. Ал бул ҳаял жарлы болса
да, күн көрисине керекли барлық
ақшасын салды, – деди.

### Ийсаның Ибадатхананың қыйралыўын болжаўы

*(Мат 24:1-14; Лук 21:5-19)*
**13** 1 Ийса Ибадатханадан шық-
қанда, шәкиртлериниң бири:
– Устаз, қара, қандай әжайып тас-
лар, қандай әжайып имаратлар! –
деди.
2 Ийса оған:
– Мына саўлатлы имаратларды
көрип турсаң ба? Бул жерде тас үс-
тинде тас қалмайды, ҳәммеси қый-
ратылады, – деди.
3 Соңынан Ийса Зәйтүн таўын-
да, Ибадатхананың қарсы алдында
отырғанда, Петр, Яқып, Юхан ҳәм
Андрей аўлақта Оннан:
4 – Бизлерге айт, булар қашан бо-
лады ҳәм булардың ҳәммесиниң
болатуғынын қандай белги бил-
диреди? – деп сорады.
5 Сонда Ийса оларға былай деп
айта баслады:
– Биреўлердиң сизлерди алда-
ўынан сақ болыңлар! 6 Өйткени
көплер Мениң атым менен ке-
лип: «Мен – Масийхпан» деп, көп
адамларды алдайды. 7 Сизлер

---

a **12:36** Заб 109:1.

урыслардың шаўқымын ҳәм урыс-
лар ҳаққында мыш-мышларды
еситкенде қәўетерленбеңлер. Бу-
лардың болыўы шәрт, бирақ бул
еле ақыры емес. 8 Себеби миллет
миллетке қарсы, патшалық пат-
шалыққа қарсы көтериледи. Көп
жерлерде жер силкиниўлер ҳәм
ашаршылықлар болады. Бул ўа-
қыялар толғақ азабының басла-
ныўына уқсайды.
9 Өзлериңизге сақ болыңлар!
Өйткени сизлерди қазыханаларға
тапсырады ҳәм мәжилисханаларда
таяқ жейсизлер. Және де, Мен се-
бепли ҳәкимлер ҳәм патшалардың
алдына апарылып, оларға гүўалық
бересизлер. 10 Бирақ дәслеп Хош
Хабар ҳәмме халықларға жәрия-
ланыўы шәрт. 11 Сизлерди услап
алып, ҳүким етиўге апаратырған-
да, не айтыўды ойлап, алдын ала
тынышсызланбаңлар. Сол ўақытта
сизлерге не берилсе, соны айтың-
лар. Себеби сизлер емес, ал Мухад-
дес Руўх сөйлейди. 12 Туўысқаны
туўысқанын, әкеси баласын өлим-
ге услап береди. Балалары да ата-
аналарына қарсы шығып, оларды
өлтиртеди. 13 Мениң атым себеп-
ли, сизлерди ҳәмме жек көреди.
Бирақ ақырына дейин шыдаған
қутқарылады.

### Ең уллы апат

*(Мат 24:15-21; Лук 21:20-24)*

14 – Ўайран қылатуғын жер-
кенишли бир заттың турыўға
болмайтуғын жерде турғанын
көргениңизде[a], Яҳудиядағылар
таўларға қашсын! Пайғамбардың
жазыўын оқыған адам бул заттың
мәнисин түсинсин. 15 Ким де ким
тамның төбесинде болса, төменге
түспесин ҳәм бир нәрсе алыў ушын
үйине кирмесин. 16 Ал ким де ким
атызда болса, шапанын алыў ушын
изине қайтпасын. 17 Сол күнлери
жүкли ҳәм емизиўли ҳаялларға
қандай қыйын болады! 18 Булардың
қыс мәўсиминде болмаўы ушын ду-
ўа етиңлер. 19 Өйткени сол күнлери
Қудай бул дүньяны жаратқаннан
бери усы күнге дейин болмаған ҳәм
қайтып болмайтуғын апат болады.
20 Егер Ийемиз сол күнлердиң са-
нын қысқартпағанда, ҳеш ким қут-
қарылмаған болар еди. Бирақ Ол
Өзиниң таңлап алғанлары ушын,
сол күнлердиң санын қысқартты.
21 Сонда егер сизлерге биреў:
«Қараңлар, Масийх бул жерде» яма-
са: «Қараңлар, Ол ана жерде» десе,
исенбеңлер. 22 Өйткени жалған ма-
сийхлар ҳәм жалған пайғамбарлар
пайда болып, егер мүмкин болса,
таңлап алынғанларды алдаў ушын,
кәраматлы белгилер ҳәм таң қалар-
лық ислерди көрсетеди. 23 Сонлық-
тан сақ болыңлар! Мен ҳәммесин
сизлерге алдын ала айтып атырман.

### Адам Улының қайта келиўи

*(Мат 24:29-31; Лук 21:25-28)*

24 – Бирақ сол күнлери, сол апат-
тан кейин,
«Қуяш қараңғыланады,
Ай өз жақтысын түсирмейди.
25 Жулдызлар аспаннан түсип,
Аспан күшлери силкинеди»[b].

[a] **13:14** Дан 9:27; 11:31; 12:11.
[b] **13:25** Ийш 13:10; 34:4.

[26] Сонда адамлар Адам Улының уллы қүдирет ҳәм салтанат пенен бултларда киятырғанын[a] көреди.
[27] Ол Өз периштелерин жиберип, дүньяның төрт тәрепинен, жердиң шетинен баслап аспанның шетине дейин, Өзиниң таңлап алғанларын жыйнап келеди.

### Әнжир ағашын мысалға алыңлар!

*(Мат 24:32-35; Лук 21:29-33)*

[28] – Әнжир ағашын мысалға алыңлар: оның шақалары жумсарып, жапырақ шығара баслағанда, жаздың жақын екенин билесизлер.
[29] Сол сыяқлы, сизлер бул ўақыялардың болып атырғанын көргениңизде, Адам Улының жақынлап, есик алдында турғанын билиңлер.
[30] Сизлерге шынын айтып турман: бул әўлад жоқ болып кетпесинен бурын булардың ҳәммеси болады.
[31] Аспан менен жер жойылады, бирақ Мениң сөзлерим ҳеш қашан жойылмайды.

### Сол күнди ямаса сол саатты ҳеш ким де билмейди

*(Мат 24:36-44)*

[32] – Сол күнди ямаса сол саатты ҳеш ким де билмейди: аспандағы периштелер де, Улдың Өзи де, тек ғана Әкем биледи.
[33] Абайлаңлар ҳәм сергек болыңлар*, өйткени сол ўақыттың қашан келетуғынын билмейсизлер.
[34] Бул – бир адамның саяхатқа кетип баратырып, үйиндеги хызметшилерине басқарыўға бийлик бергени ҳәм ҳәр бирине ис тапсырып, дәрўаза қараўылына сергек болыўды буйырғанына уқсайды.
[35] Солай етип, сергек болыңлар! Себеби үй ийесиниң кеште ме, ярым ақшамда ма, қораз шақырғанда ма, ерте азанда ма, қашан келетуғынын билмейсизлер.
[36] Ол күтилмегенде келип, сизлердиң уйықлап атырғаныңызды көрмесин.
[37] Сизлерге айтатуғынымды ҳәммеге айтаман: сергек болыңлар!

### Ийсаны өлтириў ушын тил бириктириў

*(Мат 26:1-5; Лук 22:1-2; Юхн 11:45-53)*

**14** [1] Қутқарылыў ҳәм Ашытқысыз нан байрамына[b] еки күн қалған еди. Бас руўханийлер ҳәм диний муғаллимлер Ийсаны ҳийле менен қолға түсирип өлтириўдиң жолын излестирди.
[2] Бирақ олар: «Халық арасында қозғалаң болмаўы ушын, бул исти байрам күнлери ислемейик», – дести.

### Ийса Бетанияда

*(Мат 26:6-13; Юхн 12:1-8)*

[3] Ийса Бетанияда, бурын тери кеселлиги менен аўырған Шимонның үйинде, дастурхан басында отырғанда, мәрмер ыдыста жүдә қымбатлы, сап нардтан алынған әтир майы бар бир ҳаял келди. Ол ыдысты сындырды да, майды Ийсаның басына қуйды.
[4] Гейбиреўлер ашыўланып, бир-бирине:
– Бундай ысырапкершиликтиң не кереги бар?
[5] Оны үш жүз динардан да қымбатыраққа сатып,

---

a **13:26** Дан 7:13.
b **14:1** *Қутқарылыў ҳәм Ашытқысыз нан байрамы* – сөзликке қараң.

ақшасын жарлыларға үлестирип
бериўге болатуғын еди, – десип,
ҳаялды айыплай баслады.
6 Бирақ Ийса:
– Ҳаялды тынышына қойыңлар.
Оны неге қысындырып атырсыз-
лар? Ол Маған жақсылық иследи.
7 Өйткени жарлылар сизлер менен
бәрқулла бирге, оларға қәлеген ўақ-
тыңызда жәрдем бере аласызлар.
Бирақ Мен сизлер менен бәрқулла
бирге болмайман. 8 Ол қолынан кел-
генин иследи. Мениң денеме алдын
ала әтир май қуйып, оны жерлеўге
таярлады. 9 Сизлерге шынын айтып
турман: Хош Хабар дүньяның қай
жеринде жәрияланса да, бул ҳаял
еске алынып, оның ислеген иси ай-
тылатуғын болады, – деди.

### Яҳуданың сатқынлығы

*(Мат 26:14-16; Лук 22:3-6)*

10 Соңынан он еки шәкирттиң би-
ри болған Яҳуда Исқариот Ийсаны
услап бериў ушын бас руўханийлер-
ге барды. 11 Олар буны еситип, қуўа-
нысып қалды ҳәм оған гүмис теңге
бериўди ўәде етти. Яҳуда да Ийсаны
услап бериўге қолайлы пайыт изледи.

### Ийсаның Өз шәкиртлери менен Қутқарылыў байрамының асын жеўи

*(Мат 26:17-25; Лук 22:7-13; Юхн 13:21-30)*

12 Ашытқысыз нан байрамының
биринши күни Қутқарылыў байра-
мының қозысы шалынғанда, шә-
киртлери Ийсаға:
– Қутқарылыў байрамының асын
жеўиң ушын, бизлердиң қай жерге
барып таярлық көриўимизди қә-
лейсең? – деди.
13 Ол шәкиртлериниң екеўин жи-
берип, оларға:
– Қалаға барыңлар, ол жерде сиз-
лерге гүзе менен суў көтерип кия-
тырған адам гезлескенде, оның изине
ериңлер. 14 Ол кирген үйдиң ийесине:
«Устазымыз: „Шәкиртлерим менен
бирге байрам асын жейтуғын бөл-
мем қәне?“ – деп сорап атыр», деңлер.
15 Ол сизлерге төсеклер төселип таяр
турған жоқарыдағы үлкен бөлмени
көрсетеди. Бизлерге сол жерде бай-
рам асын таярлаңлар, – деди.
16 Шәкиртлери шығып, қалаға кел-
ди ҳәм Ийсаның айтқанларының ҳәм-
месин таўып, байрам асын таярлады.
17 Кеш болғанда, Ийса он еки шә-
кирти менен бирге келди. 18 Олар
аўқатланып отырғанда, Ийса:
– Сизлерге шынын айтып турман:
Мениң менен аўқатланып отырған
араңыздағы бириңиз Маған сат-
қынлық ислейди, – деди.
19 Олар қапа болып, биринен соң
бири Оннан:
– Мен емеспен-ғо, я? – деп сорай
баслады.
20 Ийса оларға жуўап берип:
– Он еки шәкиртимниң бири, Ме-
ниң менен бир табаққа нанын ма-
лып атырған адам – сол. 21 Адам
Улы Өзи ҳаққында Мухаддес Жа-
зыўда айтылғандай баратыр, бирақ
Адам Улына сатқынлық қылыўшы
ҳәсирет шегеди! Ол адамның бул
дүньяға келмегени өзи ушын жақ-
сырақ болар еди, – деди.

### Ийсаның соңғы кешеси

*(Мат 26:26-30; Лук 22:14-23; 1Кор 11:23-25)*

22 Олар аўқатланып отырған-
да, Ийса нанды алып, Қудайға

шүкирлик етти. Оны сындырып,
шәкиртлерине берди де:
– Алыңлар, бул – Мениң денем, –
деди.
23 Соң кесени алып, Қудайға шү-
кирлик билдирди де, оларға берди.
Оннан ҳәммеси ишти. 24 Оларға:
– Бул – көп адамлар ушын төги-
летуғын, жаңа келисимди беките-
туғын Мениң қаным. 25 Сизлерге
шынын айтып турман: Қудайдың
Патшалығында жаңасын ишету-
ғын күниме дейин, жүзим ишим-
лигинен қайтып ишпеймен, – деди.
26 Соңынан олар Қудайды жыр-
лайтуғын қосық айтып, Зәйтүн та-
ўына кетти.

### Петрдиң Ийсадан таныўы ҳаққында

*(Мат 26:31-35; Лук 22:31-34; Юхн 13:36-38)*

27 Ийса оларға:
– Сизлердиң ҳәммеңиз Мени тас-
лап кетесизлер. Өйткени Мухад-
дес Жазыўда былай деп айтылған:
«Шопанды шаўып
таслағанымда,
Қойлар тарқап кетеди»[a].
28 Бирақ қайта тирилгенимнен
кейин, сизлерден бурын Галилаға
бараман, – деди.
29 Петр Оған:
– Сени ҳәммеси таслап кетсе де,
мен таслап кетпеймен, – деди.
30 Сонда Ийса оған:
– Саған шынын айтып турман:
бүгин түнде қораз еки рет шақы-
раман дегенше, сен Меннен үш рет
танасаң, – деди.
31 Бирақ Петр қызып кетип:
– Маған Сениң менен бирге өлиў-
ге туўра келсе де, Сеннен ҳеш қа-
шан танбайман, – деди.
Қалғанларының ҳәммеси де со-
лай деди.

### Ийсаның Гетсеманиде дуўа етиўи

*(Мат 26:36-46; Лук 22:39-46)*

32 Олар Гетсемани деп аталатуғын
жерге келди. Ийса шәкиртлерине:
– Мен дуўа етип боламан деген-
ше, сизлер усы жерде отырыңлар, –
деди.
33 Петр, Яқып ҳәм Юханды Өзи
менен бирге алып кетти. Ол қат-
ты қәўетерленип, қыйнала басла-
ды. 34 Оларға:
– Жаным өлердей қыйналып тур.
Сизлер усы жерде қалып, сергек бо-
лып турыңлар, – деди.
35 Ийса бираз шетирекке барып,
жерге жығылды да, мүмкин болса
бул сааттың Өзинен шетлеп өтиўин
сорап, дуўа ете баслады.
36 – Әке, Әкежаным! Саған ҳәмме-
си мүмкин. Бул азап кесесин Мен-
нен аўлақ қыл. Бирақ Мениң емес,
Сениң қәлегениң болсын, – деди.
37 Ийса шәкиртлериниң қасына
қайтып келип, олардың уйықлап
атырғанын көрди де, Петрге:
– Шимон, уйықлап атырсаң ба?
Уйықламай бир саат та отыра ал-
мадың ба? 38 Сергек болыңлар! Аз-
ғырылмаўыңыз ушын дуўа етиңлер.
Руўх қәлейди, бирақ дене ҳәлсиз, –
деди.
39 Ол және барып, сол сөзлерин
айтып, дуўа етти. 40 Қайтып келип,
олардың және уйықлап атырғанын

---

a **14:27** Зхр 13:7.

көрди. Өйткени көзлерин уйқы бас-
қан еди. Олар Ийсаға не деп жуўап
берерин билмеди.
41 Ийса үшинши рет қайтып ке-
лип, оларға:
– Сизлер еле уйықлап, дем алып
атырсызлар ма? Болды, ўақыт кел-
ди. Адам Улы гүнакарлардың қо-
лына услап бериледи. 42 Турыңлар,
кеттик. Қараңлар, Маған сатқын-
лық қылыўшы жақынлады, – деди.

### Ийсаның қолға алыныўы

*(Мат 26:47-56; Лук 22:47-53;
Юхн 18:3-12)*

43 Тап сол ўақытта, Ийса еле сөйлеп
турғанда, он еки шәкиртиниң бири
Яҳуда келди. Оның менен бирге бас
руўханийлер, диний муғаллимлер
ҳәм ақсақаллар жиберген бир то-
пар адамлар бар еди. Адамлар қол-
ларына қылыш ҳәм шоқмар услаған
еди. 44 Сатқынлық қылыўшы олар-
ға белги берип: «Мен кимди сүйсем,
Ол – Соның Өзи. Оны услап, абайлап
алып кетиңлер», – деген еди.
45 Яҳуда келди де, дәрриў Ийсаға
жақынласып, Оған:
– Устаз! – деп, Оны сүйди.
46 Ал адамлар Ийсаға тәп берип,
услап алды. 47 Бирақ Ийсаның қа-
сында турғанлардың биреўи қылы-
шын суўырып алып, бир силтеп, бас
руўханийдиң қулының қулағын ша-
ўып таслады. 48 Сонда Ийса оларға:
– Мени услаў ушын, жынаятшы-
ға қарсы шыққандай болып, қы-
лыш ҳәм шоқмар алып келдиңлер
ме? 49 Мен ҳәр күни сизлер менен
Ибадатханада бирге болып, тәлим
бергенимде, Мени усламадыңлар.
Бирақ, Мухаддес Жазыўлар орын-
ланыўы шәрт, – деди.
50 Сонда шәкиртлериниң ҳәммеси
Оны таслап, қашып кетти.
51 Денесине зығыр таўар ораған
бир жас жигит Оның изине ерип
баратыр еди. Олар оны услап ал-
ғанда, 52 ол оранған таўарын таслап,
ишки кийим менен қашып кетти.

### Ийса жоқарғы кеңес алдында

*(Мат 26:57-68; Лук 22:54-55, 63-71;
Юхн 18:13-14, 19-24)*

53 Олар Ийсаны бас руўханийге
апарды. Ол жерге ҳәмме бас руў-
ханийлер, ақсақаллар ҳәм диний
муғаллимлер жыйналды. 54 Петр
Ийсаға бас руўханийдиң ҳәўлиси-
ниң ишине дейин узақтан ерип ке-
лип, ҳәўлиде сақшылар менен бирге
отқа жылынып отырды. 55 Бас руў-
ханийлер ҳәм пүткил жоқарғы ке-
ңес Ийсаны өлим жазасына ҳүким
етиў ушын, Оған қарсы гүўалық
изледи, бирақ таба алмады.
56 Себеби көп адамлар Оған қар-
сы жалған гүўалықлар берсе де,
гүўалықлары бир-бирине сәйкес
келмес еди.
57 Соңынан гейбиреўлер орны-
нан турып, Оған қарсы жалған гү-
ўалық берип:
58 – Бизлер Оның: «Адам қолы-
нан қурылған бул Ибадатхана-
ны Мен бузып таслайман ҳәм үш
күнниң ишинде адам қолынан қу-
рылмаған басқа Ибадатхана қура-
ман», – дегенин еситтик, – деди.
59 Бирақ олардың гүўалығы да
сәйкес келмеди.
60 Сонда бас руўханий ортаға шы-
ғып, Ийсадан:
– Олар Саған қарсы гүўалық бе-
рип атыр. Сен неге ҳеш жуўап бер-
мейсең? – деп сорады.

61 Бирақ Ийса үндемеди ҳәм ҳеш
жуўап қайтармады. Бас руўханий
Оннан және:
– Алғысланғанның Улы – Масийх
Сенбисең? – деп сорады.
62 Ийса:
– Аўа, Мен. Сизлер Адам Улының
Қүдиретлиниң оң жағында отыр-
ғанын[a] ҳәм аспандағы бултларда
киятырғанын көресизлер[b], – деди.
63 Сонда бас руўханий өз кийим-
лерин жыртып:
– Енди бизлерге гүўалардың не
кереги бар? 64 Қудайға тил тийгиз-
генин еситтиңлер-ғо. Сизлердиң
қарарыңыз қандай? – деди.
Олардың ҳәммеси Ийсаны өлим
жазасына ҳүким етиўге қарар етти.
65 Гейбиреўлер Оған түкире бас-
лады ҳәм бетин байлап, Оны муш-
лап урды да, Оған:
– Қәнекей, ўәлийлик ет, – дести.
Сақшылар да Оны шапалақ пе-
нен урды.

### Петрдиң Ийсадан таныўы

*(Мат 26:69-75; Лук 22:56-62;
Юхн 18:15-18, 25-27)*

66 Петр ишки ҳәўлиде отырғанда,
бас руўханийдиң шоры қызлары-
нан бири келди. 67 Ол отқа жылы-
нып отырған Петрди көрип, оған
тигилип қарады да:
– Сен де сол насыралы Ийса ме-
нен бирге едиң-ғо, – деди.
68 Бирақ Петр танып:
– Сениң не айтып турғаныңды
билмеймен ҳәм түсинбеймен, –
деди де, сыртқы ҳәўлиге шығып
кетти*.
69 Шоры қыз оны көрип, сол жер-
дегилерге және:
– Бул адам – солардың бири, – деп
айта баслады.
70 Бирақ Петр және танды.
Бираздан соң, сол жерде турған-
лар Петрге:
– Ырасында да, сен солардың бири-
сең, өйткени галилалысаң-ғо*, – деди.
71 Ол:
– Сизлер айтып турған бул Адам-
ды мен танымайман, алдасам нәлет
жаўсын, – деп ант ишти.
72 Сол ўақытта-ақ қораз екин-
ши рет шақырды. Петр Ийсаның
өзине: «Қораз еки рет шақыраман
дегенше, сен Меннен үш рет тана-
саң», – деген сөзи есине түсип, жы-
лап жиберди.

### Пилаттың Ийсаны тергеўи

*(Мат 27:1-2, 11-14; Лук 23:1-5;
Юхн 18:28-38)*

**15** 1 Таң атыўдан бас руўха-
нийлер, ақсақаллар, диний
муғаллимлер ҳәм пүткил жоқарғы
кеңес мәсләҳәтлесип алды да, Ийса-
ны байлап, римли ҳәким Пилатқа
апарып тапсырды. 2 Пилат Оннан:
– Сен Яҳудийлердиң Патшасы-
мысаң? – деп сорады.
Ийса оған:
– Сол екенимди өзиң айттың, –
деп жуўап берди.
3 Бас руўханийлер Оны көп нәр-
селерде айыплады. 4 Пилат және
Ийсадан сорап:
– Сен ҳеш жуўап бермейсең бе?
Қара, олар Саған қаншама айып
тағып атыр, – деди.

---

a **14:62** Заб 109:1.
b **14:62** Дан 7:13.

5 Бирақ Ийса ҳеш жуўап бермеди.
Пилат буған ҳайран қалды.

### Ийсаның өлимге ҳүким етилиўи

*(Мат 27:15-26; Лук 23:13-25; Юхн 18:39-40; 19:1-16)*

6 Ҳәр Қутқарылыў байрамын-
да Пилат халық сораған бир тут-
қынды босатып беретуғын еди.
7 Сол ўақытта қамақта қозғалаң
ўақтында өзиниң шериклери ме-
нен адам өлтирген Барабба деген
бир адам бар еди. 8 Халық Пилат-
қа келип, өзлери ушын әдеттеги
исин ислеп, бир тутқынды боса-
тып бериўин сорай баслады. 9 Пи-
лат олардан:
– Яҳудийлердиң Патшасын боса-
тып бериўимди қәлейсизлер ме? –
деп сорады.
10 Себеби ол бас руўханийлер-
диң Ийсаны өзине күншиллик пе-
нен услап бергенин билетуғын еди.
11 Бирақ бас руўханийлер халық-
ты үгитлеп, Ийсаның орнына Ба-
раббаны босатып бериўди талап
еттирди. 12 Пилат оларға және:
– Олай болса, сизлер Яҳудийлер-
диң Патшасы деп атаған адамға не
ислейин? – деди.
13 Олар:
– Оны атанақ ағашқа шегелет! –
деп бақырысты.
14 Пилат олардан:
– Ол қандай жаманлық иследи? –
деп сорады.
Бирақ олар:
– Оны атанақ ағашқа шегелет! –
деп қаттырақ бақырысты.
15 Сонда Пилат халықтың кеў-
линен шығыў ушын Бараббаны
босатып берди. Ал Ийсаны қам-
шылатқаннан соң, атанақ ағашқа
шегелеўге тапсырды.

### Әскерлердиң Ийсаны масқаралаўы

*(Мат 27:27-30; Юхн 19:2-3)*

16 Әскерлер Ийсаны ҳәким Пи-
латтың сарайының ишки ҳәўлиси-
не алып барып, пүткил әскерлерди
жыйнады. 17 Олар Ийсаға шым қы-
зыл шапан кийгизди де, тикенли
шыбықлардан таж өрип, басына
салды. 18 Соңынан:
– Жасасын, Яҳудийлердиң Пат-
шасы! – деп бақырыса баслады.
19 Басына қамыс пенен урып,
Оған түкирди де, алдында дизе бү-
гип, тәжим етти. 20 Оны масқаралап
болғаннан кейин, олар Ийсаның
үстиндеги шым қызыл шапанды
шешип алып, Оған Өз кийимин
кийгизди де, атанақ ағашқа шеге-
леў ушын алып кетти.

### Ийсаның атанақ ағашқа шегелениўи

*(Мат 27:31-44; Лук 23:27-43; Юхн 19:17-27)*

21 Искендер ҳәм Руфустың әкеси,
Шимон деген киренели бир адам
аўылдан киятырып, сол жерден
өтип баратыр еди. Оны Ийсаның
атанақ ағашын арқалап алып жү-
риўге мәжбүрледи. 22 Олар Ийсаны
Голгота деп аталған, яғный «Бас
сүйек орны» дегенди аңлататуғын
жерге алып келди. 23 Оған мирра
қосылған шарапты бергенде, Ол
ишиўден бас тартты. 24 Ийсаны
атанақ ағашқа шегелеп болған-
нан соң, ким не алар екен деп шек

тасласып, өз ара Оның кийимлерин
бөлисти[a]. 25 Олар Ийсаны атанақ
ағашқа шегелегенде, саат азанғы
тоғыз еди. 26 Оның бас бетинде
айыбын көрсететуғын: «ЯҲУДИЙ-
ЛЕРДИҢ ПАТШАСЫ» деген жазыў
бар еди. 27 Ийса менен бирге еки
қарақшыны да, биреўин оң тәре-
пине, екиншисин сол тәрепине ата-
нақ ағашқа шегеледи. [28 *]
29 Өтип баратырғанлар басларын
шайқады ҳәм Оның үстинен күлип[b]:
– Ҳәй, Ибадатхананы бузып, Оны
үш күнниң ишинде қайта тиклей-
жақ болған, Сен! 30 Өзиңди Өзиң
қутқарып, атанақ ағаштан түсип
көрши! – деди.
31 Бас руўханийлер менен диний
муғаллимлер де Оны мазақ қылып,
бир-бирине:
– Бул басқаларды қутқарып, Өзин
Өзи қутқара алмайды! 32 Израил-
дың Патшасы Масийх ҳәзир атанақ
ағаштан түссин, сонда бизлер кө-
рип, Оған исенемиз, – дести.
Ийса менен бирге атанақ ағашқа
шегеленгенлер де Оны мазақ етти.

### Ийсаның жан тапсырыўы

*(Мат 27:45-56; Лук 23:44-49;
Юхн 19:28-30)*

33 Түски саат он екиден баслап,
түстен кейин саат үшке дейин пүт-
кил жерди қараңғылық қаплап тур-
ды. 34 Саат үште Ийса қатты даўыс
пенен:
– Элой, Элой! Лама сабахтани? –
деп бақырды. Бул: «Қудайым,
Қудайым! Неге Мени таслап кет-
тиң?»[c] – дегенди аңлатады.
35 Сол жерде турғанлардың гей-
биреўлери буны еситип:
– Қараңлар, Ол Илиясты шақы-
рып атыр, – деди.
36 Сонда бир адам жуўырып ба-
рып, сорғышты сирке суўына ба-
тырды ҳәм оны бир таяққа қадады
да, Оған ишиўге берип:
– Тоқтай турың! Илияс келип,
Оны түсирип алар ма екен, көре-
йик! – деди.
37 Ал Ийса қатты бақырды да,
жан тапсырды.
38 Сол ўақытта Ибадатхананың
Мухаддесханасындағы перде жо-
қарыдан төменге дейин қақ айы-
рылып, екиге бөлинди. 39 Ийсаның
қарсысында турған жүзбасы Оның
усылай жан тапсырғанын көрип:
– Ҳақыйқаттан да, бул Адам –
Қудайдың Улы екен, – деди.
40 Сол жерде узақтан қарап тур-
ған бир неше ҳаяллар бар еди.
Олардың арасында магдалалы Мә-
рияхм, кишкене Яқып пенен Иосес-
тиң анасы Мәриям ҳәм Саломия
болды. 41 Олар Ийсаға Галилада
болған ўақтында ерип жүрип, Оған
хызмет еткен еди. Ол жерде Ийса
менен бирге Ерусалимге келген
басқа көп ҳаяллар да бар еди.

### Ийсаның қәбирге қойылыўы

*(Мат 27:57-61; Лук 23:50-56;
Юхн 19:38-42)*

42 Күн кеш болды. Бул күн таяр-
лық күни, яғный Шаббат күнинен

---

[a] **15:24** Заб 21:19.
[b] **15:29** Заб 21:8.
[c] **15:34** Заб 21:2.

алдынғы жума күни еди. 43 Сонда
жоқарғы кеңестиң ҳүрметли ағза-
сы, Қудайдың Патшалығын кү-
тиўши ариматиялы Юсуп келип,
батыллық пенен Пилаттың алдына
кирди де, Ийсаның денесин сора-
ды. 44 Пилат Ийсаның әлле қашан
өлгенине ҳайран қалып, жүзбасы-
ны шақыртып алды да:
– Өлгенине көп ўақыт болды ма? –
деп сорады.
45 Жүзбасыдан билип алған-
нан соң, ол денени Юсупке бер-
ди. 46 Юсуп кепинлик таўар сатып
алды. Ол Ийсаның денесин атанақ
ағаштан түсирип алып, зығыр ке-
пинге орады да, жартаста ойылған
қәбирге қойып, қәбирдиң аўзы-
на бир тасты домалатып қойды.
47 Магдалалы Мәриям менен Ио-
сестиң анасы Мәриям Ийсаның қай
жерге қойылғанын көрди.

### Ийсаның қайта тирилиўи

*(Мат 28:1-8; Лук 24:1-12;
Юхн 20:1-10)*

**16** 1 Шаббат күни өткеннен соң,
магдалалы Мәриям, Яқып-
тың анасы Мәриям ҳәм Саломия
Ийсаның денесине жағыў ушын
хош ийисли май сатып алды. 2 Олар
екшемби күни қуяш шығыўдан таң
азанда қәбирге келди. 3 Өз ара:
– Қәбирдиң аўзындағы тасты биз-
лерге ким домалатып берер екен? –
деп сөйлести.
4 Бирақ басларын көтерип қарап,
тастың домалатып тасланғанын
көрди. Тас жүдә үлкен еди. 5 Қәбир-
диң ишине кирген олар оң тәрепте
отырған ақ кийимли бир жас жи-
гитти көрип, қорқып кетти.
6 Жигит оларға:
– Қорқпаңлар! Сизлер атанақ
ағашқа шегеленген насыралы
Ийсаны излеп жүрсизлер-ғо. Ол
қайта тирилди, Ол бул жерде жоқ.
Мине, Оның қойылған жери. 7 Ен-
ди барып, Оның шәкиртлерине ҳәм
Петрге: «Ол сизлерден бурын Гали-
лаға барады. Өзиниң айтқанындай,
Оны сол жерде көресизлер», – деп
айтыңлар, – деди.
8 Ҳаяллар қатты қорқысып ҳәм
қалтырасып, қәбирден шығып қа-
шып кетти. Қорққанлықтан, ҳеш
кимге ҳеш нәрсе айтпады.

### Ийсаның магдалалы Мәриямға көриниўи

*(Мат 28:9-10; Лук 24:13-35;
Юхн 20:11-18)*

9 Ийса екшемби күни ерте таң-
да қайта тирилип, биринши бо-
лып магдалалы Мәриямға көринди.
Ийса бурын оннан жети жинди
қуўып шығарған еди. 10 Мәриям
барып, буны Ийса менен бирге бол-
ғанларға хабарлады. Олар жылап,
қайғырып отырған еди. 11 Бирақ
олар Ийсаның тири екенин ҳәм
Мәриямның Оны көргенин есит-
се де, исенбеди.

### Ийсаның еки шәкиртине көриниўи

12 Соңынан Ийса аўылға бара-
тырған олардың екеўине басқаша
түрде көринди. 13 Олар қайтып ке-
лип, басқа шәкиртлерге хабарла-
ғанда, оларға да исенбеди.

### Ийсаның шәкиртлерине тапсырмасы

*(Мат 28:16-20; Лук 24:36-49;*

*Юхн 20:19-23; Елш 1:6-8)*
14 Соңынан Ийса аўқатланып
отырған он бир шәкиртине көри-
нип, оларды исенбеўшиликте ҳәм
қайсарлықта айыплады. Өйткени
олар Оның тирилгенин көргенлер-
ге исенбеген еди. 15 Ийса оларға
былай деди:
– Пүткил дүнья бойлап жүриң-
лер ҳәм барлық адамларға Хош
Хабарды жәриялаңлар. 16 Ким де
ким исенип шомылдырылса, қут-
қарылады, ал ким де ким исенбесе,
ҳүким етиледи. 17 Исенгенлер ме-
нен мынадай кәраматлы белгилер
бирге болады: Мениң атым менен
жинлерди қуўып шығарып, жа-
ңа тиллерде сөйлейди. 18 Қоллары
менен жыланларды услап алса да
ҳәм уўлы зат ишсе де, оларға зыян
келмейди. Аўырыўлардың үсти-
лерине қолларын қойғанда, олар
шыпа табады.

### Ийсаның аспанға алыныўы

*(Лук 24:50-53; Елш 1:9-11)*
19 Ийемиз Ийса оларға усылар-
ды айтып болғаннан соң, аспанға
алынды ҳәм Қудайдың оң тәре-
пине отырды. 20 Ал шәкиртлери
барып, ҳәмме жерде Хош Хабар-
ды жәриялап жүрди. Ийемиз олар
менен бирге ислеп, Өз сөзин кәра-
матлы белгилер арқалы тастыйық-
лайтуғын еди.

# Лука жазған Хош Хабар

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Бул китап Жаңа Келисимдеги төрт Хош Хабардың үшиншиси. Бул китапты Лука жазған. Ол елши Павелдиң садық досты болып, көп хызмет сапарларда бирге болған жақын жолдасы еди.

Ол Хош Хабардың даўамы сыпатында «Елшилердиң ислери» китабын да жазған. Лука бул китапты Ийса Масийхтың пүткил адамзат ушын ўәде етилген Қутқарыўшы екенин ҳәмме миллетлерге билдириў ушын жазады. Солай етип, ол Қудайдың қутқарылыў жобасының ишине тек яҳудийлер емес, ал басқа миллетлер де киретуғынын көрсетеди.

Лука өз китабында Ийсаның хызмети ҳәм тәлиматы ҳаққында сөз етеди. Масийхтың туўылыўынан баслап, аспанға көтерилиўине дейин болған ўақыяларды сүўретлейди ҳәм тарийхый ўақыяларды келтиреди.

Лука жазған Хош Хабарда басқа үш Хош Хабарға қарағанда «Адам Улы» деген ат көбирек қайталанып, Ийсаның дүньяны қутқарыў ушын келген Қудайдың ўәкили екенлиги көрсетиледи. Дуўа етиўге айрықша дыққат аўдарылып, Хош Хабарды еситкен адамлардың қуўанышы ҳәм Мухаддес Руўхтың тутқан орны атап өтиледи. Және де, сол заманда жәмийеттиң төменги қатламларына киретуғын ҳаялларға, жарлы адамларға ҳәм гүнакарларға деген Ийсаның ғамхорлығы ҳаққында айтылады.

---

### Алғы сөз

**1** 1 Арамызда болып өткен бел-
гили ўақыяларды көплердиң
әлле қашан баян етпекши болғаны
бизлерге мәлим. 2 Олар бул ўақыя-
ларға бастан-ақ гүўа болғанлардың
ҳәм Хош Хабарды жәриялаўшылар-
дың бизлерге жеткизген нәрселерин
жазған еди.
3-4 Солай етип, ҳүрметли
Теофил, өзиңизге үйретилген бул тә-
лиматтың ҳақыйқый екенин сиз де
билиўиңиз ушын, мен де бастан-аяқ
ҳәммесин мұқыятлап үйренип шы-
ғып, барлық ўақыяларды избе-излик
пенен сизге жазыўды мақул таптым.

## Шомылдырыыўшы Яқыяның туўылыыўы ҳаққында хабар

5 Яҳудия елинде, патша Ҳирод за-
манында, Абия топарынан Зехария
атлы бир руўханий бар еди. Оның
ҳаялы Харон әўладынан шыққан
болып, аты Элизабета еди. 6 Олар-
дың екеўи де Қудай алдында ҳақ
адамлар болып, Жаратқан Ийениң
барлық буйрық ҳәм қағыйдала-
рын булжытпай орынлап жасай-
туғын еди. 7 Элизабета нәсилсиз
болғанлықтан, олар бийперзент
еди. Жәнe екеўи де бираз жасқа
барып қалған еди.

8 Күнлердиң биринде өз топары-
ның гезеги келип, Зехария Қудай
алдында руўханийлик хызметин
атқарып турғанда, 9 руўханий-
лердиң әдети бойынша түтетки
түтетиў ушын, Жаратқан Ийе-
ниң Ибадатханасындағы Мухад-
десханаға кириў шеги оған түсти.
10 Түтетки түтетиў ўақтында жый-
налған халықтың ҳәммеси сыртта
дуўа етип тур еди.

11 Сонда Жаратқан Ийениң бир
периштеси түтетки түтетилету-
ғын орынның оң тәрепинде пайда
болып, Зехарияға көринди. 12 Оны
көрген Зехария қорқып, албырап
қалды. 13 Бирақ периште оған бы-
лай деди:

– Қорқпа, Зехария! Сениң ет-
кен дуўаң қабыл болды. Ҳаялың
Элизабета саған ул туўып береди,
оның атын Яқыя деп қоясаң. 14 Ол
саған қуўаныш ҳәм шадлық алып
келеди. Оның дүньяға келгенине
көп адамлар қуўанады. 15 Себе-
би ол Жаратқан Ийениң нәзе-
ринде уллы адам болып, шарап
та, басқа өткир ишимликлер де
ишпейди. Анасының қурсағын-
да жатырғаннан баслап, Мухад-
дес Руўхқа толады. 16 Ол Израил
перзентлериниң көбисин олардың
Қудайы Жаратқан Ийеге қайтара-
ды. 17 Әкелерди балалары менен
жарастырып, бойсынбайтуғын-
ларды ҳақ адамлардың даналық
жолына түсиреди. Халықты Ийе-
миздиң келиўине таярлаў ушын,
ол Илиястың[a] руўхы ҳәм қүди-
рети менен Ийемиздиң алдында
жүрип келеди.

18 Сонда Зехария периштеге:

– Булардың ырас екенин мен қа-
яқтан билемен? Өйткени мен ғар-
рыман, ҳаялым да бираз жасқа
барып қалған, – деди.

19 Периште оған жуўап берип:

– Мен Қудай алдында турыўшы
Жабрайылман. Сениң менен сөйле-
сип, саған усы хош хабарды жетки-
зиў ушын жиберилгенмен. 20 Бирақ,
ўақты келгенде орынланатуғын
сөзлериме исенбегениң ушын, усы-
лар әмелге аспағанша сөйлей алмай,
гүң болып қаласаң, – деди.

21 Сол ўақытта Зехарияны кү-
тип турған халық оның Мухад-
десханада иркилип атырғанына
ҳайран болды. 22 Зехария сыртқа
шыққанда, халыққа сөйлей алмай
қалды. Сонда халық оның Мухад-
десханада аян көргенин түсинди.
Зехария тилден қалды ҳәм халық
пенен ымлап сөйлести.

---

a **1:17** *Илияс* – Ийса Масийх туўылмастан бурын IX әсирде жасаған пайғамбар. 3Пат 18:1-46; Мал 4:5-6.

23 Өзиниң хызмет ететуғын күн-
лери тамам болғаннан кейин, Зе-
хария үйине қайтты.
24 Арадан күнлер өткеннен соң,
оның ҳаялы Элизабета ҳәмиледар
болып, бес ай жасырынып жүрди.
25 «Жаратқан Ийе маған нәзер аў-
дарған күнлерде бул исти ислеп,
адамлар алдындағы масқарашы-
лықты меннен алып таслады», –
деди ол.

## Ийсаның туўылыўы ҳаққында Хош Хабар

26 Элизабетаның ҳәмиледар бол-
ғанына алты ай толғанда, Қудай
Жабрайыл периштени Галила
үлкесиниң Насыра деп аталату-
ғын қаласына, 27 Даўыт әўлады-
нан шыққан Юсуп деген жигитке
атастырылған бир қызға жиберди.
Қыздың аты Мәрият еди. 28 Пе-
риште үйге кирип, оған:
– Сәлем саған, Қудай жарылқа-
ған! Жаратқан Ийе сениң менен
бирге*, – деди.
29 Мәрият периштениң сөзле-
рине аң-таң болды ҳәм бул қан-
дай сәлемлесиў болды екен деп,
ойланып қалды. 30 Периште оған
былай деди:
– Қорқпа, Мәрият, сен Қудай-
дың мийримине еристиң! 31 Мине,
сен ҳәмиледар болып, Ул туўасаң
ҳәм Оның атын Ийса деп қоясаң.
32 Ол уллы болып, Қудай Таала-
ның Улы деп аталады. Қудай Ийе
Оған бабасы Даўыттың тахтын
береди. 33 Ол Яқыптың халқы-
ның үстинен мәңгиге патшалық
етеди ҳәм Оның патшалығының
шеги болмайды.
34 Мәрият периштеден:
– Мен ер адамға жақынламаған
болсам, бул қалай болады? – деп
сорады.
35 Периште оған жуўап берип:
– Сениң үстиңе Мухаддес Рууҳ
түседи ҳәм Қудай Тааланың күши
саған саясын салады. Сонлықтан
да, сеннен туўылажақ Мухаддес
Бала Қудайдың Улы деп аталады.
36 Мине, нәсилсиз деп саналған
сениң ағайин апаң Элизабета да
қартайғанда ул балаға ҳәмиледар
болды. Оның ҳәмиледар болғаны-
на алты ай толды. 37 Себеби Қудай-
дың қолынан келмейтуғын нәрсе
жоқ, – деди.
38 Сонда Мәрият:
– Мен – Жаратқан Ийениң бен-
десимен, айтқаныңдай болсын, –
деди.
Соннан соң, периште оның жа-
нынан кетти.

## Мәрияттың Элизабетаға барыўы

39 Сол күнлерде Мәрият жолға
шығып, тезлик пенен Яҳудияның
таўлы үлкесиндеги бир қалаға кет-
ти. 40 Ол Зехарияның үйине кирип,
Элизабетаға сәлем берди. 41 Эли-
забета Мәрияттың сәлемин есит-
кенде, оның ишиндеги нәресте
тыпырлап кетти. Элизабета Му-
хаддес Рууҳқа толып, 42 даўыслап
былай деди:
– Ҳаяллар арасында сен жарыл-
қанғансаң, сениң ишиңдеги Нә-
ресте де жарылқанған! 43 Ийемниң
анасы келетуғындай, мен киммен?
44 Мине, сениң сәлем берген даўы-
сың қулағыма жеткенде, ишимде-
ги нәресте қуўаныштан тыпырлап
қоя берди. 45 Исенген ҳаял қандай

бахытлы! Өйткени Жаратқан Ийе-
ниң оған айтқанлары орынланады.
46 Сонда Мәрийам былай деди:
«Жаным Жаратқан Ийени
уллылайды.
47 Қутқарыйўшым Қудайда руўхым
шадланады.
48 Себеби Ол Өзиниң арзымас
бендесине нәзерин
аўдарды.
Енди мени барлық әўладлар
„бахытлы“ деп атайды.
49 Өйткени Қүдиретли Қудай маған
уллы ислер иследи.
Оның аты мухаддес.
50 Ол әўладтан-әўладқа,
Өзинен қорққанларға
мийрим-шәпәәтин береди.
51 Өз қолы менен қүдиретин
көрсетип,
Кеўиллеринде менмен
ойлары бар адамларды
пытыратты.
52 Ҳүкимдарларды тахттан
түсирип,
Ғәрип-қәсерлерди жоқары
көтерди.
53 Аш болғанларды ийгилик берип
тойдырып,
Бай болғанларды қуры қол
қайтарды.
54-55 Ата-бабамызға берген
ўәдеси бойынша,
Ибрайымға ҳәм оның урпағына
мийрим-шәпәәт етиўди
мәңги есте тутып,
Хызметшиси Израилға жәрдем
етти».
56 Мәрийам Элизабета менен үш
айдай бирге болып, соңынан үйи-
не қайтып кетти.

## Шомылдырыўшы Яқыяның дүньяға келиўи

57 Элизабетаның босанатуғын
ўақты келип, ол ул туўды. 58 Қоңсы-
лары менен ағайинлери Жаратқан
Ийениң оған үлкен мийрим-шәпә-
әт көрсеткенин еситип, оның қуўа-
нышын бөлисти.
59 Олар сегизинши күни бала-
ны сүннетлеўге[a] алып барды ҳәм
оған Зехария деп, әкесиниң атын
қоймақшы болды. 60 Бирақ бала-
ның анасы:
– Яқ, оның аты Яқыя болсын, –
деди.
61 Олар Элизабетаға:
– Ағайин-туўғанларыңның ара-
сында бундай ат ҳеш кимде жоқ-
ғо, – деп, 62 әкесинен балаға қандай
ат қоймақшы екенин ымлап сорады.
63 Зехария жазыў тахтайшасын
талап қылды да: «Оның аты Яқыя
болсын», – деп жазды. Буған ҳәмме
аң-таң болысты. 64 Сол ўақытта-ақ
Зехария тилге кирип, Қудайды ал-
ғыслап сөйлей баслады. 65 Әтира-
пында жасаўшыларды қорқыныш
бийледи ҳәм Яҳудияның пүткил
таўлы үлкеси бойлап усылар ҳақ-
қында сөз тарқады. 66 Еситкен-
лердиң ҳәммеси ойға шүмип: «Бул
нәресте ким болар екен?» – дейту-
ғын еди. Себеби Жаратқан Ийениң
қүдирети оның менен бирге еди.

## Зехарияның пайғамбаршылық жыры

67 Нәрестениң әкеси Зехария Му-
хаддес Руўхқа толып, пайғамбар-
шылық етип былай деди:

---

[a] **1:59** Жар 17:9-14.

68 «Израилдың Қудайы Жаратқан
Ийеге алғыслар болсын!
Өйткени Ол келип, Өз халқы
ушын төлем төлеп, оны
қутқарды.
69-70 Өзиниң мухаддес
пайғамбарлары арқалы
әййемнен айтқанындай,
Ол бизлер ушын Өз
хызметшиси Даўыттың
урпағынан шыққан
қүдиретли Қутқарыўшыны
берди.
71 Қудай бизлерди
душпанларымыздан
ҳәм бизлерди жек
көриўшилердиң қолынан
қутқарды.
72 Бизлердиң ата-бабаларымызға
ўәде еткен мийримлилигин
көрсетип,
Өз мухаддес келисимин,
73 Бабамыз Ибрайымға берген
антын еске алды.
74-75 Ол бизлерди
душпанларымыздың
қолынан қутқарып,
Өмир бойы Оның алдында
мухаддес ҳәм ҳақ болып,
Қорқпастан, Оған хызмет
қылыўымызға
мүмкиншилик берди.
76 Ал сен, балам, Қудай Тааланың
пайғамбары деп аталасаң.
Себеби сен Ийемиздиң
алдынан жүрип, Оның
жолын таярлайсаң.
77 Оның халқына гүналарының
кеширилип,
қутқарылатуғынын
жәриялайсаң.
78-79 Қараңғыда ҳәм өлим
саясында жасап
атырғанларға нур түсириў
ушын,
Сондай-ақ бизлерге
тынышлыққа қарай жол
көрсетиў ушын,
Қудайдың уллы мийрим-
шәпәәти аспаннан таң
болып атады».
80 Нәресте болса өсип, рууҳый
күшке толып барды ҳәм Израил
халқының алдында көринетуғын
күнге дейин шөл далада жасады.

### Ийсаның туўылыўы

*(Мат 1:18-25)*

**2** 1 Сол күнлери Рим императоры
Август пүткил Рим патшалығы-
ның турғынлары дизимнен өтиўи
тийис, деген пәрман шығарды. 2 Бул
биринши дизимнен өтиў Кирини
Сирияға ҳәкимлик қылған заман-
да болды. 3 Ҳәр бир адам дизимнен
өтиў ушын өз қаласына барды.
4 Юсуп те Галиладағы Насыра қа-
ласынан жолға шығып, Яҳудиядағы
Бейтлеҳем деп аталған Даўыттың
қаласына келди. Өйткени ол Да-
ўыттың урпағынан еди. 5 Дизим-
нен өтиў ушын, оның менен бирге
қалыңлығы болған ҳәмиледар Мә-
рийям да барды. 6 Олар сол жерде бол-
ғанда Мәриямның айы-күни толып,
7 туңғыш улын туўды. Оны қундақ-
лап, бир ақырға жатқызды, себеби
мийманханада оларға орын жоқ еди.

### Шопанлар ҳәм периштелер

8 Сол әтирапта шопанлар болып,
олар түнде өз падасын далада қа-
раўыллайтуғын еди. 9 Тосаттан
олардың алдында Жаратқан Ийе-
ниң бир периштеси пайда болып,
Ийемиздиң салтанаты олардың

әтирапын жарқыратып жиберди.
Олар қатты қорқып кетти. 10 Пе-
ришще оларға:
– Қорқпаңлар! Мен сизлерге ҳәм-
ме адамларды шексиз қуўанды-
ратуғын хош хабар жәриялайман.
11 Бүгин Даўыттың қаласында сиз-
лер ушын Қутқарыўшы туўылды.
Ол – Ийемиз Масийх[a]. 12 Оның
белгиси мынадай: сизлер ақырда
қундақлаўлы жатырған Нәресте-
ни табасызлар, – деди.
13 Бирден периштениң қасында
аспандағы периштелердиң үлкен
топары пайда болды ҳәм былай
деп Қудайды алғыслады:
14 «Аспанда Қудай алғыслансын,
Жердеги Қудайға унайтуғын
адамларға тынышлық
болсын!»
15 Периштелер аспанға көтерил-
геннен соң, шопанлар бир-бирине:
– Жүриңлер, Бейтлеҳемге бара-
йық. Жаратқан Ийениң бизлерге
билдирген, сол жүз берген ўақы-
яны көрейик, – дести.
16 Олар асығыслық пенен ке-
лип, Мәриям менен Юсупти ҳәм
ақырда жатырған Нәрестени тап-
ты. 17 Оны көрип, периштелерден
Нәресте ҳаққында еситкенлерин
айтып берди. 18 Буны еситкен адам-
лардың ҳәммеси шопанлардың сөз-
лерине таң қалысты. 19 Ал Мәриям
бул сөзлерди жүрегинде сақлап,
ойлап жүрди. 20 Шопанлар өзле-
рине айтылғанлардың ҳәммесин
еситип-көргенлери ушын Қудай-
ды алғыслап, мақтаў айтып, қай-
тып кетти.
21 Арадан сегиз күн өтип, Нәрес-
тени сүннет еткенде, Оның атын
Ийса деп қойды. Мәриям ҳәмиле-
дар болмасынан бурын, перишще
Оған усы атты берген еди.

### Шимон ҳәм Аннаның Ийса менен ушырасыўы

22 Муўсаның Нызамы бойынша
тазаланыў күнлери тамам болған-
да[b], Юсуп пенен Мәриям Ийсаны
Жаратқан Ийеге арнаў ушын, Оны
Ерусалимге алып келди. 23 Өйтке-
ни Жаратқан Ийениң Нызамын-
да: «Қарыннан биринши шыққан
ҳәр бир ул Жаратқан Ийеге ар-
налсын»[c], – деп жазылған. 24 Жә-
не Жаратқан Ийениң Нызамында
айтылғандай, олар «жуп қумыры
ямаса еки жас кептерди»[d] қурбан
етпекши болды.
25 Сол ўақытта Ерусалимде Ши-
мон атлы бир адам бар еди. Ол ҳақ
ҳәм диншил адам болып, Израил-
дың тәселле табыўын интизарлық
пенен күтип жүр еди. Мухаддес
Руўх оған яр еди. 26 Жаратқан Ийе
жиберген Масийхты көрмегенше
өлмейтуғынын оған Мухаддес Руўх
алдын ала айтқан еди. 27 Шимон
Мухаддес Руўхтың басқарыўында
Ибадатханаға келди. Ийсаның ата-
анасы Мухаддес Нызам бойынша
тийисли үрп-әдетлерди орынлаў

---

a **2:11** *Масийх* – «Басына май қуйылған адам» дегенди аңлатады. Қудай ўәде еткен Қутқарыўшы. Сөзликке қараң.
b **2:22** Леб 12:1-8.
c **2:23** Шығ 13:2, 12.
d **2:24** Леб 12:8.

ушын Оны Ибадатханаға алып кел-
генде, 28 Шимон Оны қолына алып,
Қудайды алғыслап былай деди:
29 «О, Құдиретли Ийем, Өзиң
айтқаныңдай,
Енди қулыңды бул дүньядан
тынышлық пенен
жибересең.
30-31 Себеби көзлерим Сениң
ҳәмме халықлар ушын,
Таярлап қойған қутқарыўыңды
көрди.
32 Ол басқа миллетлердиң көзин
ашатуғын нур болып,
Сениң халқың Израилға даңқ
келтиреди».
33 Нәрестениң ата-анасы Ол туў-
ралы айтылған сөзлерге таң қа-
лысты. 34 Шимон оларға пәтиясын
берип, Оның анасы Мәриямға:
– Мине, бул Нәресте Израилда көп
адамлардың қулаўына ҳәм қайта
тиклениўине себепши болады. Ол
Ийемиздиң белгиси болып, Ол се-
бепли көп талас-тартыслар келип
шығады. 35 Сонда көп адамлардың
жүреклериниң түпкириндеги ой-
қыяллары әшкара болып, ал сениң
кеўлиңе ҳәсирет қылышы суғыла-
ды, – деди.
36 Сол жерде Ашер урыўынан
шыққан Пануелдиң қызы Анна ат-
лы, жүдә қартайған бир пайғам-
бар ҳаял да бар еди. Ол турмысқа
шыққаннан соң, күйеўи менен же-
ти жыл жасады. 37 Соңынан сексен
төрт жасына дейин жесир болып,
Ибадатханадан шықпай ораза тутып
ҳәм дуўа етип, күни-түни Қудайға
сыйынатуғын еди. 38 Сол ўақыт-
та ол да жақынлап келип, Қудайға
шүкирлик билдирди ҳәм Ерусалим-
ниң қутқарылыўы күнин күткенлер-
диң ҳәммесине Нәресте ҳаққында
айтып берди. 39 Юсуп пенен Мәри-
ям Жаратқан Ийениң Нызамы бо-
йынша барлық тийисли нәрселерди
орынлап болғаннан соң, Галиладағы
өз қаласы Насыраға қайтып келди.
40 Нәресте өсип, күш пенен ақыл-да-
налыққа толысып барды ҳәм Қудай-
дың мийрими Оның үстинде еди.

## Ийсаның балалығы

41 Ийсаның ата-анасы ҳәр жылы
Қутқарылыў байрамында[a] Еруса-
лимге баратуғын еди. 42 Ийса он
еки жасқа толғанда, олар әдеттеги-
дей Ерусалимге байрамлаўға келди.
43 Байрам күнлери тамам болған-
нан соң, олар үйине қарай жолға
шықты, ал жас өспирим Ийса Еру-
салимде қалып қойған еди. Бирақ
буны ата-анасы билмеди. 44 Олар
Ийсаны басқалар менен киятыр
деп ойлап, бир күнлик жолды ба-
сып өткеннен соң, Оны ағайинле-
ри менен танысларының арасынан
изледи. 45 Таппағаннан кейин, Оны
излеп Ерусалимге қайтып барды.
46 Үш күннен соң, олар Ийсаны Иба-
датханадан тапты. Ол диний му-
ғаллимлердиң ортасында олардың
сөзлерин тыңлап, сораўлар берип
отырған еди. 47 Тыңлап отырған-
лардың ҳәммеси Оның ақылына
ҳәм берген жуўапларына ҳайран
қалысты. 48 Ата-анасы Ийсаны кө-
рип, аң-таң болды ҳәм анасы Оған:
– Балам, бул не қылғаның? Әкең
менен екеўимиз қатты қайғырып,
Сени изледик, – деди.

---

a **2:41** *Қутқарылыў байрамы* – сөзликке қараң.

49 Ийса оларға:
– Мени излеўдиң не кереги бар еди? Әкемниң үйинде болыўым керек екенин билмедиңиз бе? – деди.
50 Бирақ олар Ийсаның айтқан сөзлерин түсинбеди.
51 Ийса олар менен бирге Насыра қаласына қайтып келип, олардың тилин алып жүрди. Ал Онның анасы болған ўақыялардың ҳәммесин кеўлинде сақлады.
52 Ийсаның жасы да, ақыл-даналығы да өсип, Қудайдың ҳәм адамлардың сүйиспеншилигине бөленип барды.

### Шомылдырыўшы Яқыяның ўазы

*(Мат 3:1-12; Мрк 1:1-8; Юхн 1:19-28)*

**3** 1 Рим императоры Тибериустың ҳүкимдарлығының он бесинши жылында Яҳудия үлкесинде Понтий Пилат ҳәкимлик қылды. Галиланы Ҳирод, Итурея ҳәм Трахонит үлкелерин оның иниси Филип, Абилена үлкесин Лисанияс басқарды.
2 Ал Ханна менен Каяфа бас руўханий еди. Сонда шөл далада жасап атырған Зехарияның улы Яқыяға Қудайдың сөзи түсти.
3 Яқыя Иордан әтирапындағы барлық үлкелерди аралап, адамларға гүналарының кеширилиўи ушын тәўбеге келиўди ҳәм суўға шомылдырылыўды[a] жәриялап жүрди.
4 Бул Ийшая пайғамбардың китабында жазылған мына сөзлерге туўры келеди:
«Шөл далада бақырған бир
даўыс еситиледи:
Ийемизге жол таярлаңлар,
Онның жүретуғын жолларын
дүзетиңлер!
5 Барлық ойпатлықлар
толтырылсын,
Таў-төбелер пәске шөксин,
Қыйсық жоллар дүзетилсин,
Будыр жерлер тегисленсин.
6 Сонда пүткил адамзат
Қудайдың қутқаратуғынын
көреди»[b].
7 Яқыя шомылдырылыўға келген аламанға былай деди:
– Ҳәй, уўлы жыланлардың тұқымлары! Келешектеги қәҳәрли жазадан қутылыўды сизлерге ким үйретти?
8 Егер сизлер тәўбе еткен болсаңлар, буған ылайық жемис бериңлер! Және: «Ата тегимиз Ибрайым ата-ғо», – деп ишлериңизден ойламаңлар. Сизлерге айтатуғыным: Қудай Ибрайымға мына таслардан да урпақ жасап бере алады.
9 Тереклердиң тамырында ҳәзирдиң өзинде-ақ балта жатыр. Жақсы мийўе бермейтуғын ҳәр бир терек шабылып, отқа тасланады.
10 Сонда халық оннан:
– Олай болса, бизлер не ислеўимиз керек? – деп сорады.
11 Яқыя оларға:
– Кимниң еки кийими болса, биреўин кийими жоққа берсин. Кимниң аўқаты болса, ол да солай ислесин, – деп жуўап берди.
12 Салықшылар да шомылдырылыў ушын келип, Яқыядан:
– Устаз, бизлер не ислеўимиз керек? – деп сорады.
13 Яқыя оларға:

---

a **3:3** *Суўға шомылдырыў* – грек тилинде «баптизо». Бул рәсим адамлардың Қудайдың алдында тәўбе етип, таза өмирди баслаўының нышаны.

b **3:4-6** Ийш 40:3-5.

– Белгиленгенинен артық талап
етпеңлер, – деди.
14 Әскерлер де оннан:
– Ал бизлер не ислеўимиз керек? –
деп сорады.
Яқыя оларға:
– Ҳеш кимди тонамаңлар, ҳеш
кимге жала жаппаңлар, өз ис ҳа-
қыңызға қанаат етиңлер, – деди.
15 Үмит етип күтип турған ха-
лықтың ҳәммеси Яқыя туўралы
ишлеринен:
– Бул Масийх емес пе екен? – деп
ойлады.
16 Яқыя ҳәммесине жуўап берип:
– Мен сизлерди суў менен шомыл-
дыраман, бирақ меннен кейин қү-
диретли Биреў киятыр. Мен Оның
аяқ кийиминиң баўын шешиўге де
ылайықлы емеспен. Ол сизлерди
Мухаддес Руўх ҳәм от пенен шомыл-
дырады. 17 Оның жабасы қолында.
Ол Өз қырманын тазалап, бийдайын
ғәллеханасына жыйнайды, ал саба-
нын сөнбес отқа жандырады, – деди.
18 Яқыя халыққа басқа да көп ес-
кертиўлер берип, Хош Хабарды
жәриялап жүрди. 19 Үлке ҳүким-
дары Ҳирод өз инисиниң ҳаялы
Ҳиродияға үйленгенлиги себепли
ҳәм басқа да барлық жаман исле-
ри ушын, Яқыя тәрепинен әшкара
етилген еди. 20 Ҳирод Яқыяны қа-
матып таслап, өзиниң бурынғы ис-
леген жаманлықларына және бир
жаманлық қосты.

### Ийсаның шомылдырылыўы

*(Мат 3:13-17; Мрк 1:9-11)*

21 Пүткил халық шомылдырыл-
ғанда, Ийса да шомылдырылды.
Ол дуўа еткенде аспан ашылып,
22 Мухаддес Руўх кептер пиши-
нинде Оның үстине түсти. Сонда
аспаннан:
– Сен – Мениң сүйикли Улымсаң,
Мен Саған ырзаман![a] – деген саза
еситилди.

### Ийсаның шежиреси

*(Мат 1:1-17)*

23 Ийса Өз хызметин баслаған-
да отызлар шамасында еди. Адам-
лар Оны Юсуптиң улы сыпатында
таныйтуғын еди. Ал Юсуп Элий
улы, 24 Элий Маттат улы, Маттат Ле-
бий улы, Лебий Малкий улы, Мал-
кий Яннай улы, Яннай Юсуп улы,
25 Юсуп Маттатия улы, Маттатия
Амос улы, Амос Нахум улы, Нахум
Ҳеслий улы, Ҳеслий Наггай улы,
Наггай 26 Махат улы, Махат Мат-
татия улы, Маттатия Шимей улы,
Шимей Юсех улы, Юсех Юда улы,
27 Юда Юханан улы, Юханан Реша
улы, Реша Зеруббабел улы, Зерубба-
бел Шеалтиел улы, Шеалтиел Нерий
улы, 28 Нерий Малкий улы, Малкий
Аддий улы, Аддий Қосам улы, Қо-
сам Элмадам улы, Элмадам Эр улы,
29 Эр Ешуа улы, Ешуа Элиезер улы,
Элиезер Иорым улы, Иорым Мат-
тат улы, Маттат Лебий улы, 30 Ле-
бий Шимон улы, Шимон Яҳуда улы,
Яҳуда Юсуп улы, Юсуп Ионам улы,
Ионам Эляким улы, 31 Эляким Ме-
леа улы, Мелеа Менна улы, Менна
Маттата улы, Маттата Натан улы,
Натан Даўыт улы, 32 Даўыт Ишай
улы, Ишай Обид улы, Обид Боаз
улы, Боаз Сала улы, Сала Нахшон
улы, 33 Нахшон Амминадаб улы,

---

a **3:22** Заб 2:7; Ийш 42:1.

Амминадаб Рам улы, Рам Хесрон
улы, Хесрон Перес улы, Перес Яҳуда
улы, 34 Яҳуда Яқып улы, Яқып Ысақ
улы, Ысақ Ибрайым улы, Ибрайым
Терах улы, Терах Нахор улы, 35 На-
хор Серуг улы, Серуг Реу улы, Реу
Пелег улы, Пелег Эбер улы, Эбер
Сала улы, 36 Сала Кенан улы, Ке-
нан Арпахшад улы, Арпахшад Сам
улы, Сам Нух улы, Нух Ламех улы,
37 Ламех Метушелах улы, Метуше-
лах Энох улы, Энох Еред улы, Еред
Маҳалалел улы, Маҳалалел Кенан
улы, 38 Кенан Энош улы, Энош Шет
улы, Шет Адам-ата улы, ал Адам-
ата Қудай улы.

### Ийсаның сыналыўы

*(Мат 4:1-11; Мрк 1:12-13)*

**4** 1 Ийса Мухаддес Руўхқа то-
лып, Иордан дәрьясынан қай-
тып келгенде, Руўх Оны шөл далаға
алып барды. 2 Сол жерде шайтан Оны
қырық күн сынады. Ол бул күнлери
ҳеш нәрсе жемеди. Сол кунлер өт-
кеннен соң, ақыры аш болды.
3 Сонда шайтан Ийсаға:
– Егер Сен Қудайдың Улы болсаң,
мына тасқа буйыр, ол нанға айлан-
сын, – деди.
4 Ийса оған жуўап берип:
– «Адам тек ғана нан менен жаса-
майды»*[a], – деп Мухаддес Жазыў-
да айтылған, – деди.
5 Сонда шайтан Ийсаны бир би-
йик жерге шығарды да, Оған бир
демде дүньяның барлық патша-
лықларын көрсетип, 6 Оған:
– Мен усы мәмлекетлердиң пүт-
кил бийлигин ҳәм олардың сән-
салтанатларын Саған беремен.
Өйткени олар маған берилген,
оларды қәлеген адамыма беремен.
7 Егер маған табынсаң, ҳәммеси Се-
ники болады, – деди.
8 Ийса оған жуўап берип:
– Мухаддес Жазыўда: «Қудайың
Жаратқан Ийеге сыйынып, тек
Оған хызмет ет»*[b], – деп айтыл-
ған, – деди.
9 Соңынан шайтан Ийсаны Еру-
салимге апарып, Ибадатхананың
төбесине турғызып қойды да, Оған:
– Егер Сен Қудайдың Улы болсаң,
Өзиңди бул жерден төменге тасла,
10 себеби былай деп жазылған: «Ол
периштелерине Сени сақлап қалыў-
ға буйрық береди. 11 Аяғыңды тас-
қа урып алмаўың ушын, олар Сени
қолларында алып жүреди»[c], – деди.
12 Ийса шайтанға:
– «Қудайың Жаратқан Ийени сы-
нама!»[d], – деп айтылған, – деди.
13 Шайтан ҳәмме сынаўларын
тамамлағаннан кейин, ўақытша
Ийсаның қасынан кетти.

### Ийсаның Галиладағы ўазы

*(Мат 4:12-17; Мрк 1:14-15)*

14 Мухаддес Руўхтың күшине тол-
ған Ийса Галилаға қайтып келди
ҳәм Ол туўралы хабар пүткил дө-
герекке тарқады. 15 Ийса олардың
мәжилисханаларында тәлим берди
ҳәм Ол ҳәмме адамлар тәрепинен
алғысланды.

---

[a] **4:4** Нзм 8:3.
[b] **4:8** Нзм 6:13.
[c] **4:10-11** Заб 90:11-12.
[d] **4:12** Нзм 6:16.

## Насыралылардың Ийсаны қабыл алмаўы

*(Мат 13:53-58; Мрк 6:1-6)*

**16** Ийса Өзи өскен Насыра қаласы-
на келип, Өз әдети бойынша Шаб-
бат күни мәжилисханаға кирди.
Ийса оқыў ушын орнынан турғанда,
**17** Оған Ийшая пайғамбардың кита-
бы берилди. Ол китапты ашып, мы-
на сөзлер жазылған жерди тапты:
**18-19** «Жаратқан Ийениң Рууҳы
Мениң үстимде.
Ол Мени жарлыларға Хош Хабар
жәриялаў ушын майлады[a] *.
Ол Мени тутқынлардың азат
болатуғынын,
Соқырлардың көретуғынын
хабарлаўға,
Азап шеккенлердиң еркинликке
шығыўы ушын ҳәм
Жаратқан Ийениң
мийримлилик жылын
жәриялаў ушын жиберди»[b].
**20** Соңынан Ийса китапты жаў-
ды да, оны хызметкерге берип, ор-
нына отырды. Мәжилисханадағы
ҳәмме адамлар Оған тигилип қал-
ды. **21** Ийса оларға сөйлей баслап:
– Усы Мухаддес Жазыўлар бүгин,
сизлер еситкен ўақытта орынлан-
ды, – деди.
**22** Ҳәмме Ийсаны мақтады ҳәм
Оның аўзынан шыққан жағымлы
сөзлерге ҳайран қалысып:
– Бул – Юсуптиң баласы емес пе? –
дести.
**23** Ийса оларға былай деди:
– Сизлер, әлбетте, Маған: «Шы-
пакер, өзиңди өзиң емле», – деген
нақылды айтып, «Бизлер Капарна-
ҳумда ислеген ислериң ҳаққында
еситтик. Бул жерде, Өз ана журтың-
да да соларды исле!» – демекшисиз-
лер. **24** Ийса даўам етип: – Сизлерге
шынын айтаман: ҳеш бир пайғам-
бар өз ўатанында қабыл алынбайды.
**25** Сизлерге ҳақыйқатын айтаман:
Илияс пайғамбардың заманында
үш жыл, алты ай аспан жаўылып,
жаўын болмай, елде аўыр ашар-
шылық болғанда, Израил елинде
көп жесир ҳаяллар бар еди. **26** Би-
рақ Илияс олардың ҳеш биреўине
жиберилмей, тек Сидон елиниң Са-
рафат қаласындағы бир жесир ҳаял-
ға жиберилген еди[c]. **27** Сол сыяқлы,
Элиша пайғамбардың заманында да
Израилда тери кеселлигине шалын-
ғанлар көп еди. Бирақ, тек сириялы
Нааманнан басқа ҳеш ким аўыры-
ўынан жазылған жоқ[d], – деди.
**28** Буны еситкен мәжилисханадағы-
лардың барлығы қатты ашыўға мин-
ди. **29** Орынларынан турып, Ийсаны
қаладан қуўып шығарды да, Оны тик
жардан таслап жибериў ушын, сол
қала қурылған таўдың басына алып
барды. **30** Бирақ Ийса олардың ара-
сынан өтип, Өз жолына түсти.

## Ийсаның жинди қуўып шығарыўы

*(Мрк 1:21-28)*

**31** Ийса Галиладағы Капарнаҳум
қаласына келди ҳәм Шаббат күни

---

[a] **4:18-19** *Майлады* – Қудайдың тапсырған жумысы ушын майланып, тайынланыўы.
[b] **4:18-19** Ийш 61:1-2.
[c] **4:25-26** 3Пат 17:1-24.
[d] **4:27** 4Пат 5:1-14.

халыққа тәлим берди. 32 Халық
Ийсаның тәлимине таң қалды, се-
беби Оның сөзинде бийлик бар еди.
33 Мәжилисханада жинге ша-
лынған, жаўыз руўхлы бир адам
бар еди. Ол бәлент даўыс пенен
бақырып:
34 – О, насыралы Ийса! Бизлер ме-
нен не жумысың бар? Сен бизлерди
жоқ етиўге келдиң бе? Сениң ким
екениңди билемен, Сен – Құдай-
дың Мухаддесисең! – деди.
35 Ийса оған кейип:
– Үниңди өшир де, оннан шығып
кет! – деди.

Сонда жин ҳәммениң көз алдында
адамды жерге қулатты да, ҳеш зы-
ян тийгизбей, оннан шығып кетти.
36 Ҳәмме таң қалысып, бир-би-
рине:
– Бул не гәп? Ол жаўыз руўхларға
бийлик ҳәм қүдирет пенен буйрық
бергенде, олар шығып кетеди, –
дести.
37 Солай етип, Ийса туўралы ха-
бар сол үлкедеги барлық жерлерге
жайылды.

## Ийсаның көп адамларға шыпа бериўи

*(Мат 8:14-17; Мрк 1:29-34)*

38 Ийса мәжилисханадан шы-
ғып, Шимонның үйине барды.
Шимонның қәйин енесиниң қат-
ты ыссылығы көтерилип, аўырып
жатырған еди. Олар Ийсадан оны
көриўди өтиниш етти. 39 Ийса ҳа-
ялдың бас ушында турып ыссы-
лыққа тыйым салғанда, ҳаялдың
ыссылығы түсти. Ҳаял дәрриў ор-
нынан турып, оларға хызмет етти.
40 Қуяш батарда ҳәмме ҳәр түр-
ли кеселликлерге шалынған
адамларын Ийсаға алып келди.
Ийса олардың ҳәр бириниң үс-
тине қолын қойып, шыпа берди.
41 Көп адамлардан жинлер шығып
баратырып: «Сен – Құдайдың Улы-
саң!» – деп бақыратуғын еди. Би-
рақ Ийса оларға кейип, сөйлеўге
тыйым салды. Өйткени олар Оның
Масийх екенин билетуғын еди.

## Ийсаның мәжилисханаларда ўаз айтыўы

42 Таң атқанда Ийса үйден шығып,
аўлақ жерге кетти. Халық Оны излеп
қасына келди ҳәм өзлерин таслап
кетпеўи ушын, Оны алып қалмақ-
шы болды. 43 Бирақ Ийса оларға:
– Құдайдың Патшалығы туўра-
лы Хош Хабарды басқа қалаларда
да жәриялаўым керек, себеби Мен
сол ушын жиберилгенмен, – деди.
44 Солай етип, Ийса Яҳудияда-
ғы мәжилисханаларда ўаз айтып
жүрди.

## Ийсаның дәслепки шәкиртлери

*(Мат 4:18-22; Мрк 1:16-20)*

5 1 Бир күни Ийса Геннесарет кө-
линиң жағасында турғанда, ха-
лық Құдайдың сөзин еситиў ушын
Оның жанында тығылысып турды.
2 Сонда Ийса көлдиң жағасында
турған еки қайықты көрди. Ал ба-
лықшылар қайықтан түсип, аўларын
жуўып атырған еди. 3 Қайықлардың
бири Шимонға тийисли еди. Ийса
оған минип, Шимоннан жағадан
бираз арманырақ жүзип барыўын
өтинди де, қайықта отырып, халық-
қа тәлим бере баслады.
4 Сөзин тамамлағаннан соң, Ши-
монға:

– Тереңирек жерге жүзип барып, балыққа аў сал, – деди.
5 Шимон Оған жуўап берип:
– Устаз! Бизлер түни менен мийнет етип, ҳеш нәрсе тута алмадық. Бирақ, Сениң сөзиң бойынша аў саламан, – деди.
6 Олар усылай ислегенде, көп балық тутқанлығы соншелли, ҳәтте,
аўлары да жыртыла баслады. 7 Сонда олар басқа қайықтағы шериклерине белги берип, жәрдемлесиўге шақырды. Жолдаслары келип, еки қайықты да суўға батар дәрежеде балыққа толтырды.
8 Буны көрген Шимон Петр Ийсаның аяғына жығылып:
– Ийем! Мениң қасымнан кет, өйткени мен гүнакар адамман, – деди.
9 Себеби өзлериниң буншама көп балық аўлағанына өзи де, қасындағылар да ҳайран қалған еди.
10 Шимонның шериклери болған Зебедейдиң уллары Яқып пенен Юхан да усындай аўҳалда еди. Ийса Шимонға:
– Қорқпа, буннан былай адамларды аўлайтуғын аўшы[a] боласаң, – деди.
11 Сонда олар қайықларын жағаға шығарды да, ҳәммесин қалдырып, Ийсаның изине ерди.

## Ийсаның тери кеселлигине шалынған адамға шыпа бериўи

*(Мат 8:1-4; Мрк 1:40-45)*

12 Ийса бир қалада болғанда, тери кеселлиги пүткил денесин қаплаған бир адам келди. Ол Ийсаны көрип, аяғына жығылды да:
– Ийем! Егер Сен қәлесең, мени кеселликтен тазалай аласаң, – деп жалынды.
13 Ийса қолын созып, оған тийгизди де:
– Қәлеймен, тазалан! – деди.
Ол сол ўақытта-ақ тери кеселлигинен тазаланды.
14 Ийса оған:
– Буны ҳеш кимге айтпа! Тек руўханийге барып, өзиңди көрсет те, тери кеселлигинен тазаланғаныңды адамларға дәлиллеў ушын, Муўса буйырған қурбанлықты бер[b], – деп буйырды.
15 Бирақ Ийса ҳаққында хабар бурынғыдан да көбирек жайылды. Көп халық Оны тыңлап, аўырыўларына шыпа алыў ушын, Оның алдына ағып келе берди. 16 Ал Ийса аўлақ
жерге барып, дуўа ететуғын еди.

## Ийсаның ләң адамға шыпа бериўи

*(Мат 9:1-8; Мрк 2:1-12)*

17 Бир күни Ийса тәлим берип отырғанда, Галила менен Яҳудияның барлық аўылларынан ҳәм Ерусалимнен келген парисейлер[c] менен диний муғаллимлер Оның қасында еди. Ал Ийсада аўырыўларға шыпа бериўши Жаратқан Ийениң қудирети бар еди. 18 Сонда биреўлер ләң болған адамды төсеги менен көтерип алып келди. Олар Ийсаның алдына оны қойыў ушын, үйге киргизиўге тырысты.

---

a **5:10** *Адамларды аўлайтуғын аўшы* – Қудайдың жолына түсириўши.
b **5:14** Леб 14:1-32.
c **5:17** *Парисейлер* – Ийсаның заманында яҳудий халқының күшли диний топары.

19 Адамлардың көплигинен алып
кире алмаған олар тамның басы-
на шықты. Тамның басын ашты да,
ләң адамды төсеги менен ортаға,
Ийсаның алдына түсирди. 20 Ийса
олардың исенимин көрип:
– Достым, сениң гүналарың ке-
ширилди, – деди.
21 Диний муғаллимлер менен па-
рисейлер: «Қудайға тил тийгизип
турған Бул ким? Гүналарды жал-
ғыз Қудайдан басқа ким кеширe
алады?» – деп ишлеринен ойлай
баслады.
22 Ийса олардың не ойлағанын
билип, оларға:
– Ишлериңизден неге бундай нәр-
селерди ойлап турсызлар? 23 Қайсы-
сын айтыў аңсатырақ: «Гүналарың
кеширилди», – деў ме ямаса: «Ор-
ныңнан турып, жүре бер», – деў ме?
24 Бирақ, Адам Улының[a] жер бетин-
де гүналарды кешириўге бийлиги
бар екенин билип қойыңлар, – деп
жуўап берди де, ләң адамға: – Саған
айтаман: орныңнан турып, төсегиң-
ди ал да, үйиңе бар! – деди.
25 Сонда ләң адам ҳәммениң көз
алдында дәрҳал орнынан турып, өзи
жатқан төсегин алды да, Қудайды
алғыслап үйине қайтты. 26 Ҳәмме
қатты таң қалысып, Қудайға мақтаў-
лар айтты. Олар қорқынышқа толып:
– Бизлер бүгин таң қаларлық ис-
лер көрдик, – дести.

### Ийсаның Лебийди шақырыўы

*(Мат 9:9-13; Мрк 2:13-17)*

27 Соннан кейин, Ийса сол жерден
шығып, салық кеңсесинде отырған
Лебий[b] атлы салықшыны көрди
де, оған:
– Изиме ер! – деди.
28 Ол орнынан турды да, ҳәмме
нәрсесин қалдырып, Ийсаның изи-
не ерди.
29 Лебий өз үйинде Ийса ушын
үлкен зыяпат берди. Олар менен
бирге көплеген салықшылар ҳәм
басқа да адамлар дастурханлас бол-
ды. 30 Парисейлер менен диний му-
ғаллимлер Ийсаның шәкиртлерине
наразылық билдирип:
– Сизлер неге салықшылар ҳәм
гүнакарлар менен бирге ишип-жеп
отырсызлар? – деди.
31 Ийса оларға жуўап берип:
– Шыпакерге дени саўлар емес,
ал аўырыўлар мүтәж. 32 Мен ҳақ
адамларды емес, ал гүнакарларды
тәўбеге шақырыўға келдим, – деди.

### Ораза ҳаққында сораў

*(Мат 9:14-17; Мрк 2:18-22)*

33 Олар Ийсаға:
– Яқыяның шәкиртлери жийи-
жийи ораза тутып, дуўа етеди. Па-
рисейлердиң шәкиртлери де солай
ислейди. Ал Сениң шәкиртлериң
ишип-жеп жүрипти, – деди.
34 Ийса оларға:
– Күйеў өзлери менен бирге бол-
ғанда, тойға келгенлерди ораза ту-
тыўға мәжбүр ете аласызлар ма?
35 Бирақ, олардан күйеў тартып
алып кетилетуғын күнлер келеди,
олар сонда, сол күнлери ораза ту-
тады, – деди.
36 Ийса оларға және бир тымсал
айтып, былай деди:

---

a **5:24** *Адам Улы* – Ийса Масийх Өзин көбинесе усылай атады, сөзликке қараң.
b **5:27** *Лебий* – Матта деп те танылған. Мат 9:9 қараң.

– Ҳеш ким жаңа кийимнен жыр-
тып алып, ески кийимге жамаў сал-
майды. Олай етсе, жаңа кийим де
жыртылып қалады, жаңа жамаў да
ески кийимге үйлеспейди. [37] Ҳеш
ким жаңа шарапты да ески меске
қуймайды. Олай етсе, жаңа шарап
мести жарып ағып кетеди, мес те
бүлинеди. [38] Жаңа шарапты жаңа
меске қуйыў керек*. [39] Ҳеш ким ес-
ки шарапты ишип көрип, жаңасын
қәлемейди: өйткени «ескиси жақ-
сырақ», – дейди.

## Шаббат күни ҳаққында тартыс

*(Мат 12:1-8; Мрк 2:23-28; 3:1-6)*

6 [1] Бир Шаббат күни Ийса бийдай
атызының арасы менен өтип
баратырғанда, Оның шәкиртлери
бийдай масақларын үзип алып, ала-
қанлары менен уўқалап жей баслады.
[2] Гейпара парисейлер оларға:
– Сизлер неге Шаббат күнинде
ислеўге болмайтуғын исти[a] ислеп
атырсызлар? – деди.
[3] Ийса оларға жуўап берип:
– Өзи де, қасындағылар да аш
болғанда Даўыттың не ислегенин
сизлер оқымағансызлар ма? [4] Ол
Қудайдың Үйине кирип, тек руў-
ханийлерге ғана жеўге болатуғын,
усынылған нанларды өзи де жеген,
қасындағыларға да берген емес
пе? – деди.
[5] Және оларға:
– Адам Улы Шаббат күнининң де
ийеси, – деди.
[6] Ийса басқа бир Шаббат күни
мәжилисханаға кирип, тәлим бере
баслады. Сол жерде оң қолы ләң
бир адам бар еди. [7] Диний муғал-
лимлер менен парисейлер Ийсадан
айып табыў ушын, Шаббат күни
аўырыўларға шыпа бермес пе екен
деп, Оны аңлыды. [8] Бирақ Ийса
олардың усы ойын билип, қолы
ләң адамға:
– Орныңнан турып, ортаға шық, –
деди.
Ол орнынан турып, ортаға шықты.
[9] Сонда Ийса оларға:
– Сизлерге бир сораў берейин:
нызам бойынша Шаббат күни не
ислеген дурыс: жақсылық па яма-
са жаманлық па? Адамның жанын
қутқарыў ма ямаса набыт қылыў
ма? – деди*.
[10] Ийса әтирапындағылардың
ҳәммесине қарап шықты да, қолы
ләң адамға:
– Қолыңды соз, – деди.
Ол солай ислегенде, қолы бурын-
ғыдай сап-саў болып қалды.
[11] Сонда олар қатты ашыўға ми-
нип, Ийсаға не ислеў керек екенин
өз ара кеңесе баслады.

## Ийсаның он еки елшисин таңлаўы

*(Мат 10:1-4; Мрк 3:13-19)*

[12] Сол күнлери Ийса дуўа етиў
ушын таўға шықты ҳәм түнди
Қудайға дуўа етиў менен өткизди.
[13] Таң атқанда, Өз шәкиртлерин
жанына шақырып алып, арасынан
он екисин таңлап алды да, оларды
«елшилер» деп атады. [14] Олар: Ийса
Петр деп атаған Шимон ҳәм оның
иниси Андрей, Яқып пенен Юхан,

---

a **6:2** Шығ 34:21.

Филип пенен Бартоломей, 15 Матта[a] менен Томас, Алпейдиң улы Яқып пенен ўатансүйер деп аталған Шимон, 16 Яқыптың улы Яҳуда ҳәм кейин Ийсаға сатқынлық ислеген Яҳуда Исқариот.

### Ийсаның тәлиматы ҳәм шыпа бериўи

*(Мат 4:23-25)*

17 Ийса олар менен бирге таўдан төмен түсип, бир тегислик жерге келип турды. Сол жерде Оның көплеген шәкиртлери, пүткил Яҳудия ҳәм Ерусалимнен, Тир ҳәм Сидондағы үлкен теңиз жағасынан келген көп халық бар еди. 18 Олар Ийсаны тыңлаўға ҳәм өз кеселликлерине шыпа табыўға келген еди. Жаўыз руўхлардан азап шеккен адамлар да келип, шыпа тапты.
19 Пүткил халық Ийсаға қол тийгизиўге тырысатуғын еди. Себеби Оннан күш шығып, ҳәммеге шыпа беретуғын еди.

### Бахытлылар ҳәм бахытсызлар

*(Мат 5:1-12)*

20 Ийса шәкиртлерине қарап былай деди:

– Жарлылар, сизлер
бахытлысызлар!
Себеби Қудайдың Патшалығы
сизлердики.
21 Ҳәзир аш болып жүргенлер,
сизлер бахытлысызлар!
Себеби тоқ боласызлар.
Ҳәзир жылап жүргенлер,
сизлер бахытлысызлар!
Себеби қуўанып күлесизлер.

22 Адамлар сизлерди Адам Улы ушын жек көрсе, араларынан шетлетсе, хорлап, атларыңызға дақ түсирсе, сизлер бахытлысызлар!
23 Сол күни қуўанып, шадлыққа бөлениңлер! Өйткени сизлердиң аспандағы сыйыңыз үлкен. Олардың ата-бабалары да пайғамбарларға усылай ислеген.
24 Бирақ, ҳәй байлар, сизлер ҳәсирет шегесизлер!

Себеби сизлер өз ҳәзлигиңизди
әлле қашан алып болдыңлар.
25 Ҳәзир тоқ болғанлар, сизлер
ҳәсирет шегесизлер!
Себеби сизлер аш қаласызлар.
Ҳәзир қуўанып күлип
атырғанлар, сизлер
ҳәсирет шегесизлер!
Себеби сизлер өкирип
жылайсызлар.
26 Ҳәмме сизлерди мақтаса, сизлер
ҳәсирет шегесизлер!
Себеби олардың ата-бабалары
жалған пайғамбарларға
усылай ислеген.

### Душпанларыңызды сүйиңлер!

*(Мат 5:38-48; 7:12)*

27 – Бирақ, Мени тыңлап отырған сизлерге айтатуғыным:

Душпанларыңызды сүйиңлер,
Өзлериңизди жек
көретуғынларға жақсылық
ислеңлер.
28 Сизлерди ғарғайтуғынларға
жақсы тилек тилеңлер,
Қапа қылатуғынлар ушын дуўа
етиңлер.
29 Бетиңниң бир жағына урғанға
екинши бетиңди де тут.

[a] **6:15** *Матта* – Лебий деп те танылған. Мат 9:9 қараң.

Шапаныңды тартып алғанға
көйлегиңди де алыўға
рухсат ет!
30 Сеннен сораған хәр бир адамға
бер,
Сеникин алғаннан қайтарып
бериўди талап қылма!
31 Адамлардың өзлериңизге не
ислеўин қәлесеңлер,
Сизлер де оларға соны
ислеңлер!
32 Егер сизлер өзлериңизди сүй-
генлерди ғана сүйсеңлер, бул ушын
қандай алғыс аласызлар? Гүнакар-
лар да өзлерин сүйгенлерди сүйе-
ди. 33 Егер өзлериңизге жақсылық
ислегенлерге ғана жақсылық ис-
лесеңлер, бул ушын қандай алғыс
аласызлар? Гүнакарлар да усылай
ислейди. 34 Егер сизлер қайтарып
алыўдан үмит етип, қарыз берсең-
лер, бул ушын қандай алғыс ала-
сызлар? Гүнакарлар да қанша қарыз
берсе, сонша қайтарып алыў ушын,
гүнакарларға қарыз береди. 35 Бирақ
сизлер душпанларыңызды сүйиңлер.
Жақсылық қылып, хеш нәрсе дәмет-
пей, қарыз бериңлер. Сонда сизлер
үлкен сыйлық алып, Қудай Таала-
ның балалары боласызлар. Өйткени
Ол жақсылықты билмейтуғынларға
да, жаман адамларға да мийримли.
36 Солай етип, Әкеңиз мийрим-шә-
пәәтли болғаны сыяқлы, сизлер де
мийрим-шәпәәтли болыңлар.

### Басқаларды хүким етпеңлер!

*(Мат 7:16-20; 12:33-35)*

37 – Басқаларды хүким етпеңлер,
сонда сизлер де хүким етилмейсиз.
Айыпламаңлар, сонда сизлер де
айыпланбайсыз. Кешириңлер, сонда
сизлер де кеширилесиз. 38 Бериңлер,
сонда сизлерге де бериледи. Басып,
силкитип толтырылған, тасып тө-
гилген мөлшер менен етеклериңиз-
ге салып бериледи. Сизлер қандай
өлшем менен өлшеп берсеңлер, өз-
лериңизге де сондай өлшем менен
өлшеп бериледи.
39 Ийса оларға және бир тым-
сал айтты:
– Соқырды соқыр жетелеп жүре
ала ма? Екеўи де бир шуқырға қу-
лап түспей ме? 40 Шәкирт устазы-
нан уллы емес. Бирақ хәр бир адам
билимин жетилистиргеннен кейин,
өз устазындай болады. 41 Сен неге
туўысқаныңның көзиндеги шөпти
көрип турып, өз көзиңдеги қаданы
сезбейсең? 42 Өз көзиңдеги қаданы
көрмей турып, қалай: «Туўысқа-
ным, қәне, көзиңдеги шөпти алып
таслайын», – деп туўысқаныңа айта
аласаң? Хәй, еки жүзли! Дәслеп өз
көзиңдеги қаданы алып тасла, сон-
да анық көрип, туўысқаныңның кө-
зиндеги шөпти алып таслай аласаң.

### Терек мийўесинен билинер

*(Мат 7:17-20; 12:33-35)*

43 – Жаман мийўе беретуғын жақ-
сы терек хәм жақсы мийўе берету-
ғын жаман терек жоқ. 44 Хәр бир
терек мийўесинен билинеди: хеш
ким шеңгелден әнжир жыйнамай-
ды, тикенликтен жүзим термейди.
45 Жақсы адам кеўлиндеги жақсы
ғәзийнесинен жақсылық шыға-
рады, ал жаман адам кеўлиндеги
жаман ғәзийнесинен жаманлық
шығарады. Адамның кеўли неге
толып тасса, аўзынан сол шығады.
46 Неге сизлер Мени: «Ийем,
Ийем» деп шақырып, айтқанла-
рымды қылмайсызлар? 47 Маған

келип, сөзлеримди тыңлап, олар-
ды орынлайтуғын адамның кимге
уқсайтуғынын сизлерге айтайын:
48 ол – жерди терең етип қазып,
тийкарын жартас үстине қалап, үй
салған адамға уқсайды. Сел тасып,
сол үйди соққылағанда, үй беккем
салынғанлығы себепли, оны қоз-
ғалта алмайды. 49 Бирақ сөзлерим-
ди еситсе де, оны орынламайтуғын
адам үйин жер үстине тийкарсыз
салған адамға уқсайды. Суўлар та-
сып, бул үйди соққылағанда, ол
сол ўақытта-ақ қулап, қатты қый-
ралып қалады.

### Римли жүзбасының исеними

*(Мат 8:5-13; Юхн 4:43-54)*

7 1 Ийса Өзин тыңлап турған ха-
лыққа ҳәмме сөзин айтып бол-
ғаннан соң, Капарнаҳумға кетти.
2 Сол жерде бир римли жүзбасы-
ның қәдирлейтуғын хызметшиси
аўырып, өлим төсегинде жатырған
еди. 3 Жүзбасы Ийса туўралы еси-
тип, Оның келип, хызметшисине
шыпа бериўин өтиниш етиў ушын,
Оған яҳудийлердиң ақсақалларын
жиберди. 4 Олар Ийсаның қасына
келди де, қатты өтиниш етип:
– Ол Сениң жәрдем бериўиңе ми-
нәсип. 5 Себеби ол халқымызды
жақсы көреди, бизлерге мәжилис-
хана да салып берди, – деди.
6 Ийса олар менен бирге кетти.
Ол үйге жақынлап қалғанда, жүз-
басы Оған досларын жиберип, бы-
лай деп айтқызды:
– Әўере болмай-ақ қой, Ийем!
Сениң шаңарағыма келиўиңе мен
ылайықлы емеспен. 7 Сонлықтан
өзимниң Саған барыўымды да ми-
нәсип көрмедим. Тек бир сөз айтсаң
болды, хызметшим жазылып кете-
ди. 8 Өйткени мен де биреўдиң қол
астындағы адамман, өзиме бағы-
нышлы әскерлерим де бар. Олар-
дың биреўине «бар» десем, барады,
екиншисине «кел» десем, келеди.
Қулыма «мынаны исле» десем, ис-
лейди.
9 Бул сөзлерди еситкен Ийса таң
қалды ҳәм изине ерип киятырған
халыққа бурылып:
– Сизлерге айтатуғыным: Мен
бундай исенимди Израилда да
ушыратпаған едим, – деди.
10 Жиберилгенлер үйге қайтып
келгенде, аўырыў хызметшиниң
жазылып кеткенин көрди.

### Жесир ҳаялдың баласы

11 Арадан көп өтпей, Ийса Наин
деген қалаға келди. Оның менен
шәкиртлери ҳәм көп халық бирге
жүрди. 12 Ийса қала дәрўазасына
жақынлағанда, бир жесир ҳаял-
дың жалғыз баласының өлигин
көтерип шығарып атыр еди. Қа-
ланың көп адамлары ҳаял менен
бирге жүрип киятыр еди. 13 Ийе-
миз ҳаялды көргенде жаны ашып:
– Жылама! – деди.
14 Ийса жақынлап келип, табытқа
қолын тийгизгенде, табыт көтерип
киятырғанлар тоқтап қалды. Ол:
– Ҳәй жас жигит, саған айтаман:
орныңнан тур! – деди.
15 Өли тикейип отырды да, сөй-
лей баслады. Ийса оны анасына
тапсырды.
16 Ҳәммени қорқыныш бийлеп:
– Арамызда уллы пайғамбар пай-
да болды. Қудай Өз халқына жәр-
демге келди, – деп Қудайға алғыс
айтты.

17 Ийса туўралы бул хабар пүткил
Яҳудия үлкесине ҳәм дөгеректеги
жерлерге жайылды.

### Ийса ҳәм шомылдырыўшы Яқыя

*(Мат 11:2-19)*

18 Шәкиртлери Яқыяға болып
өткен ўақыялар ҳаққында хабар-
лады. 19 Яқыя шәкиртлериниң еке-
ўин шақырып алып: «Келетуғын
Сол сенбисең ямаса басқа биреўди
күтиўимиз керек пе?» – деп сораў
ушын, оларды Ийемизге жиберди.
20 Олар Ийсаға келип:
– Шомылдырыўшы Яқыя бизлер-
ди: «Келетуғын Сол сен бе ямаса
басқасын күтейик пе?» – деп со-
раў ушын, саған жиберди, – деди.
21 Сол ўақытта Ийса аўырыў ме-
нен кеселлерге ҳәм жаўыз руўхлар-
ға шалынған көплеген адамларға
шыпа берип, көп соқырлардың кө-
зин ашқан еди. 22 Ийса оларға жу-
ўап берип:
– Барыңлар, еситип-көргенле-
риңизди Яқыяға билдириңлер.
Соқырлардың көрип, ақсақ бол-
ғанлардың жүрип, тери кеселли-
гине шалынғанлардың тазаланып,
гереңлердиң еситип, өлгенлердиң
тирилип, Хош Хабардың жарлы-
ларға жәрияланып атырғанын ай-
тып бериңлер. 23 Маған гүмансыз
исенгенлер бахытлы! – деди.
24 Яқыяның жиберген адамлары
қайтып кеткеннен соң, Ийса ха-
лыққа Яқыя туўралы былай деп
айта баслады:
– Сизлер шөл далаға нени көриў-
ге бардыңлар? Самал тербеткен
қамысты ма? 25 Нени көриўге бар-
дыңлар? Жипек кийим кийген бир
адамды ма? Бирақ ҳасыл кийим ки-
йип, байлықта жасайтуғынлар пат-
ша сарайларында болады. 26 Солай
етип, нени көриўге бардыңлар? Пай-
ғамбарды ма? Аўа, Мениң сизлерге
айтатуғыным: ол – пайғамбардан да
уллы. 27 Бул адам ҳаққында Мухад-
дес Жазыўда былай деп айтылған:
«Мине, Мен алдыңнан Өз хабаршым-
ды жиберемен, ол Сениң алдыңда
баратуғын жолыңды таярлап қоя-
ды»[a]. 28 Сизлерге айтатуғыным: ҳа-
ялдан туўылғанлардың арасында
шомылдырыўшы Яқыядан уллы
адам жоқ. Бирақ Қудайдың Пат-
шалығындағы ең кишкене адам да
оннан уллы.
29 Буны еситкен пүткил халық,
ҳәтте, салықшылар да Қудайдың
ҳақлығын мойынлады. Себеби олар
Яқыяның қолынан шомылдырыл-
ған еди. 30 Бирақ парисейлер менен
нызам муғаллимлери Қудайдың
оларға арнаған еркин қабыл алмады.
Өйткени олар Яқыяның қолынан
шомылдырылыўдан бас тартқан еди.
31 Ийса және:
– Ҳәзирги әўладтың адамларын
кимге уқсатайын, олар кимлерге
мегзейди? 32 Олар базарда бир-би-
рине қышқырысып:
«Сизлерге сыбызғы шерттик,
бирақ ойнамадыңлар!
Сизлерге жоқлаў айттық, бирақ
жыламадыңлар!» –
деп отырған балаларға уқсайды.
33 Себеби шомылдырыўшы Яқыя
келип, нан да жемеди, шарап та
ишпеди. Ал сизлер оны: «Жин ур-

---

[a] **7:27** Мал 3:1.

ған», – дейсизлер. 34 Адам Улы келип, жеп те, ишип те жүр, сизлер Оны: «Мине, тамақсаў ҳәм мәскүнем адам, Ол салықшылар менен гүнакарлардың досты», – дейсизлер. 35 Ал Қудайдың даналығы оны қабыл ететуғынлардың ҳәммеси арқалы ақланады, – деди.

### Ийса ҳәм гүнакар ҳаял

36 Парисейлердиң бири Ийсаны аўқатқа мирәт етти. Ийса парисейдиң үйине кирип, дастурхан әтирапына отырды. 37 Сол қалада жасаўшы бир гүнакар ҳаял Ийсаның парисейдиң үйинде, дастурхан басында отырғанын билип, мәрмер ыдыста әтир май алып келди. 38 Ол артта, Ийсаның аяқ бетинде турып жылап, көз жасларын Ийсаның аяқларына төге баслады ҳәм оларды шашлары менен сүртти. Оның аяқларын сүйип, ийис май менен майлады. 39 Ийсаны мирәт еткен парисей буны көрип, ишинен:

– Егер Ол пайғамбар болса, Оған қолын тийгизип турған ҳаялдың кимлигин ҳәм оның қандай ҳаял екенин билер еди. Ол – гүнакар ҳаял-ғо, – деди.

40 Ийса оған:

– Шимон, саған айтатуғын бир аўыз сөзим бар, – деди.

– Айта бер, Устаз! – деди Шимон.

41 Ийса оған:

– Бир қарыз бериўшиниң еки қарыздары бар екен: биреўиниң бес жүз, екиншисиниң елиў динар[a] қарызы болыпты. 42 Бирақ олардың төлейтуғын ҳеш нәрсеси болмағанлықтан, ол екеўиниң де қарызынан кешипти. Қәне, айтшы, олардың қайсысы оны көбирек сүйеди? – деди.

43 Шимон:

– Мениң ойымша: қарызы көбирек кеширилгени, – деп жуўап берди.

– Дурыс айтасаң, – деди Ийса оған.

44 Соңынан ҳаялға бурылып, Шимонға:

– Бул ҳаялды көрип турсаң ба? Үйиңе келгенимде, сен Маған аяқларымды жуўатуғын суў да бермедиң. Ал ол көз жаслары менен аяқларымды жуўып, шашлары менен сүртти. 45 Сен Мени сүймедиң, ал ол Мен келгеннен бери аяқларымды тоқтамастан сүйип атыр. 46 Сен басыма май да жақпадың, ал ол аяқларыма ийис май жақты. 47 Сонлықтан саған айтатуғыным: оның көп гүналары кеширилди. Сүйиспеншилигиниң күшли болыўының себеби – сол. Ким аз кеширилсе, сол аз сүйеди, – деди.

48 Соңынан ҳаялға:

– Гүналарың кеширилди, – деди.

49 Сонда Ийса менен бирге дастурхан басында отырғанлар өз ара:

– Гүналарды да кеширетуғын бул ким өзи? – дести.

50 Ал Ийса ҳаялға:

– Исенимиң сени қутқарды, тынышлық пенен бара бер, – деди.

### Ийсаның изине ерген ҳаяллар

**8** 1 Соңынан Ийса қала ҳәм аўылларды аралап, Қудайдың Патшалығының Хош Хабарын жәриялап жүрди. Ийса менен бирге он еки шәкирти, 2 және де, жаўыз руўхлардан

---

a **7:41** *Динар* – бир динар жумысшының бир күнлик ис ҳақысы.

ҳәм аўырыўлардан азат болған бир
неше ҳаяллар да болды. Олар: иши-
нен жети жин шыққан магдалалы
деп аталған Мәриям, 3 Ҳиродтың
сарай басқарыўшысы Хузаның ҳа-
ялы Юханна, Сузанна ҳәм басқа да
көплеген ҳаяллар Ийсаға ҳәм Оның
шәкиртлерине* өз мал-мүлки менен
хызмет ететуғын еди.

### Туқым себиўши туўралы тымсал

*(Мат 13:1-9; Мрк 4:1-9)*

4 Ҳәр түрли қалалардан адамлар
келип, көп халық жыйналғанда,
Ийса тымсал менен сөз баслады:
5 – Бир туқым себиўши өз туқы-
мын себиўге шығыпты. Ол сепкен-
де, туқымлардың гейбиреўлери
жол шетине түсип, аяқ астында ба-
сылып қалыпты. Аспандағы қус-
лар оларды шоқып, жеп қойыпты.
6 Гейбиреўлери таслақ жерге түсип,
көгерип шығыпты. Бирақ ығаллық
аз болғанлықтан, қуўрап қалыпты.
7 Гейбиреўлери тикенлер арасына
түсип, тикенлер олар менен бирге
өсип, туншықтырып таслапты. 8 Ал
басқалары өнимли жерге түсип,
өсип шығыпты ҳәм жүз есе зүрәәт
берипти. Ийса усыларды айтып
болғаннан соң даўыслап:
– Қулағы бар адам жақсылап еси-
тип алсын! – деди.

### Тымсаллардың мақсети

*(Мат 13:10-17; Мрк 4:10-12)*

9 Шәкиртлери Ийсадан:
– Бул тымсал нени аңлатады? –
деп сорады.
10 Ийса оларға былай деди:
– Қудайдың Патшалығының сыр-
ларын билиў сизлерге берилген, ал
басқаларға тымсал менен айтыла-
ды. Сонлықтан да:

«Олар қараса да, көрмейди,
Тыңласа да, түсинбейди»[а].

### Туқым себиўши туўралы тымсалдың түсиндирилиўи

*(Мат 13:18-23; Мрк 4:13-20)*

11 – Ал бул тымсалдың мәниси
мынадай: туқым – бул Қудайдың
сөзи. 12 Жол шетине түскенлери
мынадай адамларды билдире-
ди: олар сөзди еситеди, бирақ соң
шайтан келип, олардың жүрекле-
риндеги сөзди алып кетеди. Сон-
лықтан олар исене алмайды ҳәм
қутқарылмайды. 13 Таслақ жерге
түскенлери мынадай адамларды
билдиреди: олар сөзди еситип, қу-
ўаныш пенен қабыл етеди, бирақ
тамырсыз болғанлықтан ўақытша
ғана исенип, сынаў ўақты келгенде
исенимнен қайтады. 14 Ал тикен-
лер арасына түскенлери мынадай
адамларды билдиреди: олар сөз-
ди еситеди, бирақ өмирдиң тәши-
ўишлери, байлық ҳәм ҳәзликлер
астында туншығып, олардың зү-
рәәти писпей қалады. 15 Ал өним-
ли топыраққа түскенлери мынадай
адамларды билдиреди: олар сөзди
еситип, жақсы ҳәм пәк кеўиллерин-
де сақлап, шыдамлылық пенен зү-
рәәт береди*.
16 Ҳеш ким шыраны жағып, оны
ыдыс пенен жаўып ямаса кәттиң ас-
тына қоймайды. Керисинше, кир-
генлер жақтылық көрсин деп, оны
шыра қойғышқа қояды.

---

а **8:10** Ийш 6:9.

17 Өйткени ашылмайтуғын ҳеш
қандай сыр, мәлим ҳәм әшкара бол-
майтуғын ҳеш қандай жасырын
нәрсе жоқ.
18 Сонлықтан қалай тыңлап
атырғаныңызға дыққат аўдарың-
лар! Себеби кимде бар болса, оған
қосымша бериледи, ал кимде жоқ
болса, оның өзимде бар деп ойлап
жүрген нәрсеси де тартып алынады.

### Ийсаның анасы ҳәм туўысқанлары

*(Мат 12:46-50; Мрк 3:31-35)*

19 Ийсаға анасы ҳәм туўысқанла-
ры келди. Бирақ халық көп болған-
лықтан, Оған жақынлай алмады.
20 Адамлар Ийсаға:
– Анаң менен туўысқанларың Се-
ни көрмекши болып, сыртта тур, –
деп хабарлады.
21 Ийса оларға жуўап берип:
– Кимлер Қудайдың сөзин тың-
лап, оны орынласа, Мениң анам да,
туўысқанларым да солар, – деди.

### Ийсаның даўылды тоқтатыўы

*(Мат 8:23-27; Мрк 4:35-41)*

22 Күнлердиң биринде Ийса шә-
киртлери менен қайыққа минип,
оларға:
– Көлдиң арғы жағасына өтейик, –
деди.
Солай етип, олар жөнеп кетти.
23 Олар қайықта жүзип баратыр-
ғанда, Ийса уйықлап қалды. Көлде
күшли даўыл турып, қайық суўға
тола баслады ҳәм олар қәўип ас-
тында қалды. 24 Шәкиртлери Ийса-
ның қасына барып:
– Устаз! Устаз! Набыт болажақ-
пыз! – деп, Оны оятты.
Ийса орнынан турды да, самал-
ға ҳәм толқынласып турған суўға
тыйым салды. Сонда олар тынып,
әтирап тым-тырыс болды. 25 Ийса
шәкиртлерине:
– Исенимиңиз қәне? – деди.
Олар қорқысып, аң-таң болысып,
бир-бирине:
– Бул ким Өзи? Ол самал менен
суўға буйрық бергенде, олар Оған
бойсынады-ғо! – дести.

### Жинге шалынған адам

*(Мат 8:28-34; Мрк 5:1-20)*

26 Олар Галиланың қарсысында
жайласқан герасалылардың үлкеси-
не қайық пенен жүзип барды. 27 Ийса
жағаға шығыўы менен, Оған қаладан
келген, жинге шалынған бир адам
гезлести. Бул адам көп ўақытлардан
бери кийим киймей ҳәм үйде жаса-
май, қәбирстанда жасайтуғын еди.
28 Ол Ийсаны көргенде қышқырып
жиберди ҳәм Ийсаның алдына жы-
ғылып, қатты даўыс пенен:
– Қудай Тааланың Улы – Ийса!
Мениң менен не жумысың бар.
Өтинемен, мени қыйнама! – деди.
29 Өйткени Ийса жаўыз руўхқа бул
адамнан шығып кетиўди буйыр-
ған еди. Жаўыз руўх оны тез-тез
тутып турғанлықтан, адамлар оны
шынжыр менен байлап, кисен салып
қараўыллайтуғын еди. Бирақ ол ҳәм-
месин үзип, жин тәрепинен шөлис-
танға айдап алып кетилетуғын еди.
30 Ийса оннан:
– Атың ким? – деп сорады.
– Үлкен топар, – деп жуўап бер-
ди ол.
Себеби оның ишине көп жин кир-
ген еди. 31 Жинлер Ийсадан өзлерин
туңғыйыққа жибермеўин өтинди.

32 Сол жердеги таўдың етегин-
де үлкен шошқа падасы жайылып
жүрген еди. Жинлер Ийсадан шош-
қаларға кириўге рухсат бериўин
өтинди. Ийса оларға рухсат етти.
33 Сонда жинлер адамнан шығып,
шошқаларға кирди. Шошқа пада-
сы жуўырысып, тик жардан көлге
түсти де, батып кетти.
34 Болған ўақыяны көрген шош-
қа бағыўшылар қашып кетип, қала
ҳәм аўылларға барып хабарлады.
35 Адамлар болған ўақыяны кө-
риў ушын Ийсаның жанына кел-
ди. Олар ишинен жинлер шыққан
адамның ақыл-еси кирип, кийи-
нип, Ийсаның аяқ бетинде отыр-
ғанын көргенде қорқып қалысты.
36 Ўақыяны өз көзлери менен көр-
генлер жин урған адамның қалай
шыпа тапқанын оларға айтып бер-
ди. 37 Сонда герасалылардың үлке-
синиң әтирапынан келген пүткил
халықтың зәррелери ушып, Ийса-
дан өзлериниң үлкесинен кетиўин
өтинди. Ийса қайыққа минип, қай-
тып кетти. 38 Ал жинлерден азат
болған адам Ийсаға:
– Сениң менен бирге кетейин, –
деп жалынды.
Бирақ Ийса оған:
39 – Үйиңе қайтып, Қудайдың са-
ған не ислегенин айтып бер, – деп
оны жиберди.
Ол барып, Ийсаның оған не ис-
легенин пүткил қалаға жәриялады.

### Тирилген қыз ҳәм шыпа тапқан ҳаял

*(Мат 9:18-26; Мрк 5:21-43)*

40 Ийса қайтып келгенде, халық
Оны қуўаныш пенен қабыл алды.
Өйткени ҳәмме Оны күтип турған
еди. 41 Сонда мәжилисхананың бас-
лығы болған Яир атлы бир адам ке-
лип, Ийсаның аяғына жығылды да,
үйине кириўин өтинди. 42 Себеби
оның он еки жаслар шамасында-
ғы жалғыз қызы өлим төсегинде
жатыр еди.
Ийса жүрип киятырғанда, халық
Оны жән-жағынан қысып баратыр
еди. 43 Сол жерде он еки жылдан бе-
ри қан кетип аўырып жүрген, шы-
пакерлерге бары-жоғын сарп етсе
де, ҳеш кимнен шыпа таба алмаған
бир ҳаял бар еди. 44 Ҳаял Ийсаның
артына жақынлап келип, Оның ки-
йиминиң шетине қолын тийгизди.
Сол ўақытта-ақ ҳаялдың қан кети-
ўи тоқтады.
45 Сонда Ийса:
– Маған ким қолын тийгизди? –
деп сорады.
Ҳеш ким мойнына алмағаннан
соң, Петр*:
– Устаз! Халық Сени қоршап, жән-
жағыңнан қысып тур-ғо*, – деди.
46 Бирақ Ийса оған:
– Маған биреў қолын тийгизди,
өйткени Мен Өзимнен бир күш
шыққанын сездим, – деди.
47 Ҳаял жасырына алмайтуғынын
билип, қалтырап Ийсаның алдына
келди де, Оның аяғына жығылды.
Өзиниң қандай себеп пенен Оған
қолын тийгизгенин ҳәм сол ўақыт-
та-ақ қалай шыпа тапқанын пүт-
кил халық алдында айтып берди.
48 Ийса оған:
– Қызым! Исенимиң сени қутқар-
ды, тынышлық пенен бара бер, –
деди.
49 Ийса усы сөзлерди айтып тур-
ғанда мәжилисхана басшысының
үйинен биреў келип, Яирге:

– Қызыңыз өлди, енди Устаздың
тынышын алмаң, – деди.
50 Бирақ Ийса буны еситип, оған:
– Қорқпа, тек исен, қызың шыпа
табады, – деди.
51 Ийса үйге келгенде, Петр, Юхан,
Яқып ҳәм қыздың ата-анасынан
басқа ҳеш кимниң Өзи менен бир-
ге ишке кириўине рухсат бермеди.
52 Ҳәмме қызды азалап, жылап тур-
ған еди. Бирақ Ийса:
– Жыламаңлар, ол өлген жоқ, тек
уйықлап атыр, – деди.
53 Олар қыздың өлгенин билип,
Ийсаның үстинен күлди. 54 Ийса*
қыздың қолынан услады да, да-
ўыслап:
– Қызалақ, орныңнан тур! – деди.
55 Қыздың жаны қайтып кирип,
ол дәрриў орнынан турды. Ийса
оған жеў ушын бир нәрсе бериўди
тапсырды. 56 Қыздың ата-анасы
аң-таң болды, бирақ Ийса оларға
болған ўақыя ҳаққында ҳеш ким-
ге айтпаўды буйырды.

### Он еки елшиниң тапсырма алыўы

*(Мат 10:5-15; Мрк 6:7-13)*

9
1 Ийса қасына он еки шәкиртин
шақырып алып, оларға барлық
жинлерди қуўып шығарыўға ҳәм
аўырыўларға шыпа бериўге күш ҳәм
бийлик берди. 2 Қудайдың Патша-
лығын жәриялап, аўырыў адамларға
шыпа бериў ушын оларды жиберип,
3 Ийса былай деди:
– Жолға ҳеш нәрсе: таяқ та, қалта
да, нан да, ақша да, артық кийим
де алмаңлар. 4 Қайсы үйге кирсең-
лер де, ол жерден кеткениңизше,
сол үйде болыңлар. 5 Егер бир қа-
лада сизлерди қабыл алмаса, сол
қаладан шығып баратырып, оларға
ескертиў ретинде аяқларыңызда-
ғы шаңды қағып кетиңлер.
6 Шәкиртлер жолға шықты. Олар
ҳәмме жерде Хош Хабарды жәрия-
лады ҳәм аўырыўларға шыпа берип,
аўылларды аралап жүрди.

### Ийса ҳәм Ҳирод

*(Мат 14:1-12; Мрк 6:14-29)*

7 Үлке ҳүкимдары Ҳирод болып
атырған барлық ўақыялар ҳаққын-
да еситип, тынышсызланып қал-
ды. Себеби гейбиреўлер: «Яқыя
өлимнен қайта тирилипти» десе,
8 басқалар: «Илияс пайда болып-
ты» деп, және биреўлер: «Бурынғы
пайғамбарлардың бири тирилип-
ти», – дейтуғын еди. 9 Ал Ҳирод:
«Яқыяның басын кестирген едим-
ғо. Енди мынадай ислерди ислеп
атыр деп, мен еситкен Адам ким
болды екен?» – деп Ийсаны көриў-
диң жолын излестирди.

### Ийсаның бес мыңнан аслам адамды тойғызыўы

*(Мат 14:13-21; Мрк 6:30-44; Юхн 6:1-14)*

10 Елшилер қайтып келип, исле-
ген ҳәмме ислери ҳаққында Ийсаға
айтып берди. Ийса Өзи менен бир-
ге тек оларды ғана алып, Бетсайда
деп аталған қалаға* кетти. 11 Би-
рақ халық буны билип, Ийсаның
изинен келди. Ийса оларды жақсы
қабыл алып, оларға Қудайдың Пат-
шалығы ҳаққында айтты ҳәм шы-
паға мүтәж адамларға шыпа берди.
12 Күн кеш бола баслағанда, он еки
елшиси Ийсаның алдына келип:
– Халықты жибер. Әтирароптағы
аўыл-елатларға барып, түнейтуғын

жер менен азық-аўқат тапсын. Өйт-
кени бизлер бир елсиз жердемиз-
ғо, – деди.
13 Бирақ Ийса оларға:
– Оларға сизлер аўқат бериңлер, –
деди.
– Бизлер барып, сонша адамға
азық сатып алмасақ, бес нан менен
еки балықтан басқа ҳеш нәрсемиз
жоқ, – деди шәкиртлери.
14 Себеби ол жерде бес мыңға ша-
малас ер адам бар еди.
Ийса шәкиртлерине:
– Оларды елиў-елиўден топқа бө-
лип отырғызыңлар, – деди.
15 Шәкиртлери солай ислеп, ҳәм-
месин жерге отырғызды. 16 Ийса
бес нан менен еки балықты алып,
аспанға қарап олар ушын Қудайға
шүкирлик етти. Оларды сындырып,
халыққа тарқатыў ушын, шәкирт-
лерине берди. 17 Ҳәмме жеп тойды.
Аўысқан бөлеклерин жыйнап, үл-
кен он еки себет толтырды.

### Петрдиң Ийсаның Масийх екенлигин мойынлаўы

*(Мат 16:13-19; Мрк 8:27-29)*

18 Күнлердиң биринде Ийса аў-
лақ жерде дуўа етип турғанда, шә-
киртлери де Оның менен бирге еди.
Ийса олардан:
– Халық Мени ким деп санайды? –
деп сорады.
19 Шәкиртлери жуўап берип бы-
лай деди:
– Шомылдырыўшы Яқыя деп са-
найды, ал базылары Илияс, және бас-
қалары: «Бурынғы пайғамбарлардың
бири тирилип келипти», – деседи.
20 Ийса олардан:
– Ал сизлер Мени ким деп санай-
сызлар? – деп сорады.
Петр Оған:
– Сен – Қудайдың жиберген
Масийхысаң, – деп жуўап берди.

### Ийсаның Өз өлими ҳәм қайта тирилиўи ҳаққында билдириўи

*(Мат 16:20-28; Мрк 8:31-38)*

21 Ийса бул туўралы ҳеш ким-
ге айтпаўларын оларға қатаң ес-
кертти де:
22 – Адам Улы көп азап шегип, ақ-
сақаллар, бас руўханийлер ҳәм ди-
ний муғаллимлер тәрепинен қабыл
алынбай өлтирилиўи ҳәм үшинши
күни қайта тирилиўи тийис, – деди.
23 Сонда Ийса ҳәммеге былай деди:
– Ким де ким Маған ергиси кел-
се, өзинен кешсин ҳәм ҳәр күни өз
атанақ ағашын арқалап, Мениң
изиме ерсин. 24 Ким де ким өз жа-
нын сақламақшы болса, оны жо-
ғалтады, ал ким де ким өз жанын
Мен ушын жоғалтса, ол оны сақ-
лап қалады. 25 Егер адам пүткил
дүньяны ийелегени менен, өз жа-
нын жойтып, өзине зыян келтир-
се, буннан оған не пайда? 26 Ким де
ким Меннен ҳәм Мениң сөзлерим-
нен арланса, Адам Улы да Өзиниң,
Әкесиниң ҳәм мухаддес перište-
лердиң салтанатында келгенде, он-
нан арланады. 27 Сизлерге шынын
айтаман: бул жерде турғанлардың
гейбиреўлери Қудайдың Патшалы-
ғын көрмегенше, өлмейди.

### Ийсаның түр-түсиниң өзгериўи

*(Мат 17:1-8; Мрк 9:2-8)*

28 Бул сөзлерди айтқаннан соң
сегиз күндей өткенде, Ийса Петр,
Юхан ҳәм Яқыпты қасына алып,

дуўа етиў ушын таўға шықты.
29 Ийса дуўа еткенде, Оның түр-
түси өзгерди, кийимлери де аппақ
түске енип, жарқырап кетти. 30 Сон-
да еки ер адам Оның менен сөйле-
сип турған еди. Булар Муўса менен
Илияс еди. 31 Олар уллы салтанат
пенен көринип, Ийсаның жақын-
да Ерусалим қаласында дүньядан
өтип, Қудайдың еркин орынлаўы
тийис екени ҳаққында сөйлести.
32 Ал Петр менен оның қасындағы-
ларды күшли уйқы басқан еди. Олар
оянып кетип, Ийсаның уллылығын
ҳәм Оның менен турған еки ер адам-
ды көрди. 33 Олар Ийсаның жаны-
нан кете баслағанда, Петр Ийсаға:
– Устаз, бул жерде болғанымыз
қандай жақсы! Бизлер үш қос қу-
райық: биреўин Саған, биреўин
Муўсаға, биреўин Илиясқа, – деди.
Ол не айтқанын өзи билмеди.
34 Петр усыларды айтып турған-
да бир булт пайда болып, оларды
қаплады. Шәкиртлер булт ишине
киргенде қорқысып қалды. 35 Сон-
да булттан:
– Бул – Мениң таңлап алған Улым,
Оның айтқанын тыңлаңлар! – де-
ген саза еситилди.
36 Даўыс тынып қалғаннан соң,
Ийсаның жалғыз Өзи қалды. Шә-
киртлери тис жарып, көргенлери
ҳаққында сол күнлери ҳеш ким-
ге айтпады.

**Ийсаның жин урған баланы азат қылыўы**

*(Мат 17:14-21; Мрк 9:14-29)*

37 Келеси күни олар таўдан түс-
кенде, Ийсаны көп халық күтип
алды. 38 Күтилмегенде халық ара-
сынан биреў бақырып:
– Устаз, Сеннен өтинип сорайман,
мениң балама бир нәзер сала гөр!
Ол мениң жалғыз балам! 39 Балам-
ды жаўыз руўх тутқанда, ол бир-
ден қышқырып жибереди. Жаўыз
руўх оны қалтыратып, аўзынан
көбик ағызады да, азаплап болған-
нан соң, зорға дегенде оннан кете-
ди. 40 Мен Сениң шәкиртлериңнен
жаўыз руўхты қуўып шығарыўды
өтинген едим, бирақ олардың қо-
лынан келмеди, – деди.
41 Ийса жуўап берип:
– Ҳәй, исенбейтуғын, адасқан әў-
лад! Мен қашанға дейин сизлер
менен бирге болып, сизлерге шы-
дайман? Баланды бул жерге алып
кел, – деди.
42 Бала киятырғанда жин оны
жерге жығып, қалтырата баслады.
Бирақ Ийса жаўыз руўхқа тыйым
салып, балаға шыпа берди ҳәм оны
әкесине тапсырды. 43 Ҳәмме Қудай-
дың уллылығына таң қалысты.
Халық Ийсаның барлық ислери-
не ҳайран қалып турғанда, Ийса Өз
шәкиртлерине:
44 – Мына сөзлеримди қулақла-
рыңызға қуйып алыңлар: Адам
Улы адамлардың қолына услап бе-
риледи, – деди.
45 Бирақ олар бул сөздиң мәнисин
түсинбеди. Оның мәниси оларға
жасырын болғанлықтан, олар оны
уға алмады. Ал бул сөз туўралы
Ийсадан сораўға қорқты.

**Аспан Патшалығында ең уллы ким?**

*(Мат 18:1-5; Мрк 9:33-37)*

46 Шәкиртлер өз ара:
– Қайсы биримиз уллымыз? – деп
тартыса баслады.

47 Ийса олардың кеўиллеринде-
ги ойды билип, бир кишкене ба-
ланы алды да, оны жанына қойып,
48 оларға былай деди:
– Ким де ким бул баланы Мениң
атым ушын қабыл етсе, оның Ме-
ни қабыл еткени болады. Ал ким де
ким Мени қабыл етсе, оның Мени
Жибергенди қабыл еткени болады.
Өйткени араңызда ким ең кишкене
болса, сол ең уллы болады.
49 Сонда Юхан:
– Устаз! Сениң атың менен жин-
лерди қуўып шығарып жүрген бир
адамды көрдик. Бирақ ол бизлер
менен бирге Саған ермегенликтен,
оған тыйым салдық, – деди.
50 Ийса Юханға:
– Оған тыйым салмаңлар. Себеби
ким де ким сизлерге қарсы болмаса,
ол сизлердиң тәрепдарыңыз, – деди.

### Самариялылардың Ийсаны тән алмаўы

51 Ийсаның бул дүньядан аспан-
ға алынатуғын күнлери жақын-
лағанда, Ол Ерусалимге барыўға
қарар етти. 52 Ол алдынан хабар-
шыларын жиберди. Олар барып,
Ийсаның келиўине таярлық көриў
ушын, Самарияның бир аўылына
кирди. 53 Бирақ Ийса Ерусалим-
ге қарай баратырғанлықтан, ол
жерде Оны қабыл етпеди. 54 Шә-
киртлери Яқып пенен Юхан бу-
ны көрип:
– Ийем! Буларды жоқ қылып жи-
бериў ушын*, аспаннан от түси-
ўин буйырыўымызды қәлейсең
бе? – деди.
55 Бирақ Ийса бурылып, оларға
кейиди*. 56 Соңынан олар басқа
аўылға кетти*.

### Ийсаға шәкирт болыўдың шәртлери

*(Мат 8:19-22)*

57 Олар жолда киятырғанда, би-
реў Ийсаға:
– Сен қаяққа барсаң да, мен Са-
ған еремен, – деди.
58 Ийса оған:
– Түлкилердиң инлери, аспанда-
ғы қуслардың уялары бар. Бирақ
Адам Улының бас қойып тыныға-
туғын орны да жоқ, – деди.
59 Ал басқа биреўине:
– Мениң изиме ер, – деди.
Бирақ ол:
– Ийем, дәслеп барып, әкемди
жерлеўиме рухсат ет, – деди.
60 Ийса оған:
– Өлилерди жерлеўди өлилердиң
өзлерине қалдыр. Ал сен барып,
Қудайдың Патшалығы туўралы
жәрияла, – деди.
61 Және биреў Ийсаға:
– Ийем, мен Сениң изиңе еремен,
бирақ дәслеп үй-ишим менен хош-
ласып келиўиме рухсат ет, – деди.
62 Бирақ Ийса оған:
– Атызды сүриўди баслап, артына
қарай беретуғын адам Қудайдың Пат-
шалығына ылайықлы емес, – деди.

### Ийсаның жетпис еки шәкиртин жибериўи

**10** 1 Буннан кейин, Ийемиз бас-
қа жетпис еки* шәкиртин
таңлап алып, Өзи барғысы келип
жүрген ҳәр бир қала ҳәм орынлар-
ға оларды екеў-екеўден Өзинен бу-
рын жиберип атырып 2 былай деди:
– Орылатуғын егин көп, бирақ
жумысшылар аз. Сонлықтан зү-
рәәттиң ийеси болған Ийемизден

Өзиниң атызына егинди оратуғын
жумысшылар жибериўин дуўа етип
сораңлар. 3 Барыңлар! Мине, Мен
сизлерди қозыларды қасқырлар-
дың арасына жибергендей, жибе-
рип атырман. 4 Шыжлан да, дорба
да, аяқ кийим де алмаңлар, жол-
да ҳеш кимге сәлем де бермеңлер.
5 Қайсы үйге кирсеңлер де, дәслеп:
«Бул үйде аманлық болсын!» – деп
сәлем бериңлер. 6 Егер сол үйде
аманлықты сүйиўши адам болса,
сизлер тилеген аманлық сол адамда
қалады, ал егер болмаса, өзлери-
ңизге қайтады. 7 Сол үйде қалып,
бергенин ишип-жеңлер. Өйткени
мийнет еткен адам өз мийнет ҳақы-
сына ылайықлы. Үйден-үйге көшип
жүрмеңлер. 8 Егер қандай да бир қа-
лаға келгениңизде сизлерди қабыл
етсе, бергенин жеңлер. 9 Сол жер-
деги аўырыў адамларға шыпа бе-
рип, оларға: «Сизлерге Қудайдың
Патшалығы жақынлады», – деңлер.
10 Бирақ қандай да бир қалаға кел-
гениңизде сизлерди қабыл етпе-
се, көшеге шығып: 11 «Қалаңыздан
аяқларымызға жуққан шаңды да
сизлерге ескертиў ретинде қағып
таслаймыз. Бирақ билип қойыңлар,
Қудайдың Патшалығы жақынла-
ды», – деп айтыңлар. 12 Сизлерге
айтатуғыным: ҳүким шығарыла-
туғын қыямет-қайым күни Содом
қаласының[a] аўҳалы сол қаланың
аўҳалынан жеңилирек болады.

### Тәўбе етпеген қалалар

*(Мат 11:20-24)*

13 – Ҳәсирет шегесең, Хоразин!
Ҳәсирет шегесең, Бетсайда! Егер
сизлерде исленген кәраматлар Тир
ҳәм Сидон қалаларында исленге-
нинде, олар әлле қашан аза кийи-
мин кийип, басына күл шашып,
тәўбе етер еди. 14 Бирақ ҳүким шы-
ғарылатуғын қыямет-қайым кү-
нинде Тир менен Сидонның аўҳалы
сизлердиң аўҳалыңыздан жеңили-
рек болады. 15 Ҳәй сен, Капарна-
ҳум, аспанға көтерилесең бе? Яқ,
дозаққа қулатыласаң.
16 Ийса шәкиртлерине және бы-
лай деди:
– Ким де ким сизлерди тыңласа,
Мени тыңлағаны болады. Ким де
ким сизлерди қабыл алмаса, Мени
қабыл алмағаны болады. Ал ким де
ким Мени қабыл алса, Мени Жи-
бергенди қабыл алғаны болады.

### Жетпис еки шәкирттиң қайтып келиўи

17 Ийсаның жетпис еки шәкир-
ти қуўаныш пенен қайтып келип:
– Ийем! Сениң атыңды тилге ал-
сақ, жинлер де бизлерге бойсына-
ды, – деди.
18 Ийса оларға:
– Шайтанның жылдырым сыяқлы
аспаннан түскенин көрдим. 19 Ми-
некей, Мен сизлерге жыланлар ме-
нен шаянларды аяқ асты қылып,
душпанның пүткил күш-қүдиретин
жеңиўге бийлик бердим. Сизлерге
ҳеш нәрсе зыянын тийгизе алмай-
ды. 20 Бирақ жаўыз руўхлардың
сизлерге бойсынғанына емес, ал
атларыңыздың аспанда жазылға-
нына қуўаныңлар, – деди.
21 Сонда Ийса Мухаддес Руўхтан
шадланып былай деди:

---

[a] **10:12** Жар 19:24-28.

– О, Әке, аспан менен жердиң
Ийеси! Буларды даналардан ҳәм
ақыллылардан жасырып, нәресте-
дей адамларға ашып билдиргениң
ушын, Сени мақтайман! Аўа, Әке!
Себеби Сениң қәлеўиң усындай еди.
22 Маған ҳәммеси Әкемнен бе-
рилген. Улдың ким екенин Әкеден
басқа ҳеш ким билмейди. Әкениң
ким екенин де тек ғана Улы ҳәм
Улы таңлап ашып билдиргиси кел-
генлер ғана биледи.
23 Соңынан Ийса шәкиртлери-
не бурылып оларға айрықша бы-
лай деди:
– Сизлердиң көрип атырғаныңыз-
ды көрип турған көзлер бахытлы!
24 Мениң сизлерге айтатуғыным:
қаншама пайғамбарлар менен пат-
шалар сизлердиң көргенлериңизди
көргиси келген еди, бирақ көрмеди.
Еситкенлериңизди еситкиси кел-
ген еди, бирақ еситпеди.

### Мийримли самариялы

25 Сонда бир нызам муғаллими
орнынан турып, Ийсаны сынап кө-
риў ушын, Оннан:
– Устаз, мәңгилик өмирди алы-
ўым ушын не қылыўым керек? –
деп сорады.
26 Ийса оған:
– Мухаддес Нызамда не деп жа-
зылған? Сен оны қалай түсине-
сең? – деди.
27 Ол жуўап берип:
– «Қудайың Жаратқан Ийени
шын жүрегиң, жан-тәниң, бар
күшиң ҳәм пүткил ақыл-ойың ме-
нен сүй»[a]. Және де: «Өзиңди сүйге-
ниң сыяқлы, жаныңдағы адамды
да сүй»[b], – делинген, – деди.
28 Ийса оған:
– Дурыс жуўап бердиң, усылай
исле, сонда жасайсаң, – деди.
29 Бирақ ол өзин ақлағысы ке-
лип, Ийсадан:
– Мениң жақыным ким? – деп
сорады.
30 Ийса оған былай деп жуўап
қайтарды:
– Бир адам Ерусалимнен Ерихоға
киятырып, қарақшылардың қолына
түсип қалыпты. Қарақшылар оның
кийимлерин шешип алып, оны са-
бап, өлимши етип таслап кетипти.
31 Сонда бир руўханий сол жол ме-
нен жүрип, оны көрип, басқа жаққа
бурылып кетипти. 32 Бир лебийли[c]
де сол жерге келип, оны көрип, бас-
қа жаққа бурылып кетипти. 33 Би-
рақ сол жерден өтип баратырған
самариялы бир адам ол жатырған
жерге келип, оны көргенде жаны
ашыпты. 34 Оның жанына барып,
жарақатларын шарап пенен жуўып-
ты ҳәм май жағып таңыпты. Оны
ешегине мингизип, мийманханаға
алып келип, ғамхорлық көрсетипти.
35 Ертеңине еки динар шығарып,
мийманхана ийесине берипти де:
«Оған жақсылап қара. Егер буннан
артық қәрежет шығарсаң, қайтып
келгенимнен соң төлеймен», – деп-
ти. 36 Енди усы үшеўиниң қайсы-
сы қарақшылардың қолына түскен

---

[a] **10:27** Нзм 6:5.
[b] **10:27** Леб 19:18.
[c] **10:32** *Лебийли* – лебий урыўына тийисли адам. Олар Ибадатханада хызмет еткен. 1Жлн 23:28-32.

адамның жақыны болады, деп ойлайсаң?

37 Нызам муғаллими:

– Оған мийримлилик көрсеткени, – деди.

Ийса оған:

– Бар, сен де усылай исле, – деди.

### Мәриям ҳәм Марта

38 Олар жол жүрип киятырғанда, Ийса бир аўылға кирди. Бул жерде Марта атлы бир ҳаял Оны үйине қабыл етти.
39 Мартаның Мәриям деген сиңлиси бар еди. Ол Ийсаның аяқ бетинде отырып, Оның сөзлерин тыңлады.
40 Ал Марта қонақ күтиў менен бәнт болды. Ол Ийсаға келип:

– Ийем, сиңлимниң ҳәмме исти мениң бир өзиме қалдырғанына қарамайсаң ба? Оған айт, маған жәрдемлессин, – деди.

41 Бирақ Ийса оған жуўап берип:

– Эҳ, Марта, Марта, сен көп нәрселерди уўайымлап, тәшиўишленесең.
42 Тек бир нәрсе ғана зәрүр. Мәриям дурыс жолды таңлады, бул оннан тартып алынбайды, – деди.

### Дуўа етиў ҳаққында

*(Мат 6:9-13; 7:7-11)*

11 1 Күнлердиң биринде Ийса бир жерде дуўа етип атырған еди. Дуўа етип болғаннан соң, шәкиртлериниң бири Оған:

– Ийем! Яқыя өз шәкиртлерине дуўа етиўди үйреткениндей, Сен де бизлерге дуўа етиўди үйрет, – деди.

2 Ийса оларға былай деди:

– Дуўа еткениңизде былай деңлер:
Әке!*
Сениң атың мухаддес бола берсин.
Сениң Патшалығың келсин*.
3 Бизлерге ҳәр күни күнделикли нанымызды бере гөр.
4 Гүналарымызды кешире гөр.
Өйткени бизлер де өзлеримизге гүна қылған ҳәр бир адамды кеширемиз.
Бизлердиң азғырылыўымызға жол қойма*.

5 Ийса оларға және былай деди:

– Айтайық, араңыздағы бириңиздиң достысы бар. Ол ярым ақшамда достысына барып: «Достым! Маған қарызға үш нан берип тур.
6 Сапарда жүрген бир достым келип қалып еди, оның алдына қоятуғын ҳеш нәрсем жоқ», – депти.
7 Сонда достысы иштен: «Мениң тынышымды алма. Есигим беклеўли. Балаларым да мениң менен бирге төсекте жатыр. Орнымнан турып, саған ҳеш нәрсе бере алмайман», – деп жуўап берипти.
8 Бирақ сизлерге айтатуғыным: орнынан турып, досты болғаны ушын сорағанын бермесе де, изинен қалмай сорағаны себепли ол орнынан турып, қанша сораса, сонша береди.
9 Сонлықтан сизлерге айтатуғыным: сораңлар, сизлерге бериледи. Излеңлер, табасызлар. Есикти қағыңлар, ол сизлерге ашылады.
10 Өйткени сораған ҳәр бир адам алады, излеген табады, есик қаққанға ашылады.
11 Араңызда қайсы әке баласы* балық сораса, оған балық орнына жылан береди?
12 Мәйек сораса, оған шаян береди?
13 Солай етип, өзлериңиз жаман бола тура, балаларыңызға жақсы сыйлар бериўди билсеңиз, онда аспандағы Әке де Өзинен сорағанларға Мухаддес Руўхты бериўи сөзсиз.

## Ийса ҳәм Белзебул

*(Мат 12:22-30; Мрк 3:20-27)*

14 Бир күни Ийса бир адамнан гү-
ңелек жинди қууып шығарды. Жин
шыққаннан соң, гүңелек адам сөй-
лей баслағанда, халық ҳайран қал-
ды. 15 Бирақ олардың гейбиреўлери:
«Ол жинлерди жинлердиң баслы-
ғы Белзебул-шайтанның күши ме-
нен қууып шығарып жүр», – дести.
16 Ал басқалары Ийсаны сынап
көрмекши болып, аспаннан кәра-
матлы белги көрсетиуди талап ет-
ти. 17 Бирақ Ийса олардың ойларын
билип, былай деди:
– Өз ара қарсы болып бөлинген
ҳәр бир патшалық жоқ болады. Өз
ара қарсы болып бөлинген ҳәр бир
үй қулайды. 18 Егер шайтан өз ара
қарсы болып бөлинсе, оның пат-
шалығы қалай сақланады? Сизлер
Мени: «Жинлерди Белзебул-шай-
танның күши менен қууып шыға-
рып жүр», – дейсизлер. 19 Егер Мен
жинлерди Белзебул-шайтанның кү-
ши менен қууып шығарып жүрген
болсам, онда сизлердиң шәкиртле-
риңиз оларды кимниң күши менен
қууып шығарып жүр? Солай етип,
олар сизлердиң надурыс екениңиз-
ди әшкаралайды. 20 Бирақ, егер Мен
жинлерди Қудайдың күши менен қу-
ўып шығарып атырған болсам, онда
сизлерге Қудайдың Патшалығының
жетип келгени. 21 Тис-тырнағына де-
йин қуралланған бир күшли адам өз
үйин қорғаса, оның мал-мүлки аман
болады. 22 Ал оннан да күшлирек
биреў оған ҳүжим жасап, оны жеңсе,
оның исенген барлық қуралларын
тартып алып, олжасын бөлистиреди.
23 Ким де ким Мениң менен бир-
ге болмаса, ол Маған қарсы. Ким
де ким Мениң менен бирге жый-
намаса, ол шашады.
24 Жаўыз руўх адамнан шыққан-
нан кейин суўсыз жерлерди гезип,
дем алыўға орын излейди. Таба ал-
мағаннан соң, ол: «Шыққан үйиме
қайтайын», – дейди.
25 Қайтып келгенде, үйдиң таза-
ланып ҳәм жыйналып турғанын кө-
реди. 26 Сонда ол барып, өзинен де
жаўыз жети руўхты ертип келеди
де, кирип сол үйде турады. Солай
етип, сол адамның соңғы аўҳалы
бурынғыдан да жаман болады.

## Ҳақыйқый бахыт

27 Ийса усыларды айтып турған-
да халық ишинен бир ҳаял даўыс-
лап, Оған:
– Сени көтерген қурсақ ҳәм Сени
емизген көкиреклер қандай бахыт-
лы! – деди.
28 Бирақ Ийса оған:
– Қудайдың сөзин тыңлап, оны
орынлаўшылар оннан да бахыт-
лы! – деди.

## Кәраматлы белги ҳаққында

*(Мат 12:38-42; Мрк 8:12)*

29 Халық жыйналып, көбейип
атырғанда, Ийса оларға былай деп
айта баслады:
– Бул әўлад – жаман әўлад! Ол
кәраматлы белги талап етпекте.
Бирақ оған Юнустың кәрамат-
лы белгисинен[a] басқасы көр-
сетилмейди. 30 Юнус Ниневия

---

[a] **11:29** Юнс 2:1, 11.

турғынлары ушын қандай бел-
ги болса, Адам Улы да бул әў-
лад ушын сондай белги болады.
31 Қубладағы ҳаял патша ҳүким
шығарылатуғын қыямет-қайым
күни усы әўлад пенен бирге ор-
нынан турып, бул әўладтың адам-
ларын айыплайды. Себеби ол
Сулайманның даналығын еситиў
ушын, жер бетиниң арғы шети-
нен келген еди[a]. Бирақ бул жерде
Сулайманнан да уллы Биреў бар.
32 Ниневия турғынлары ҳүким
шығарылатуғын қыямет-қайым
күни усы әўлад пенен бирге орны-
нан турып, бул әўладтың адамла-
рын айыплайды. Өйткени Юнус
жәриялағанда, олар тәўбе етти[b].
Бирақ бул жерде Юнустан да ул-
лы Биреў бар.

### Жақтылық ҳәм көз ҳаққында

*(Мат 5:15; 6:22-23)*

33 – Ҳеш ким шыраны жағып, оны
жасырын жерге ямаса ыдыстың ас-
тына қоймайды. Керисинше, кир-
генлер жақтыны көрсин деп, оны
шыра қойғышқа қояды. 34 Көзиң –
денеңниң шырағы. Егер көзиң саў
болса, пүткил денең де жарық бо-
лады. Егер көзиң саў болмаса, де-
нең де пүткиллей қараңғы болады.
35 Сонлықтан да, абайла, ишиңдеги
жарық қараңғы болмасын! 36 Егер
пүткил денең жарық болып, ҳеш
бир қараңғы жери болмаса, шыра
сени өз нуры менен жақты қылға-
ны сыяқлы, денең пүткиллей жа-
рық болады.

### Ийсаның диндарларды айыплаўы

*(Мат 23:1-36; 12:38-40; Лук 20:45-47)*

37 Ийса усы сөзлерди айтып
турғанда, бир парисей Оны үйи-
не аўқатқа шақырды. Ийса оның
үйине кирип, дастурханға отыр-
ды. 38 Ийсаның аўқаттан бурын
қол жуўмағанын көрип, парисей
таң қалды. 39 Сонда Ийемиз оған:
– Ҳәй парисейлер, сизлер табақ-
кесениң сыртын тазалайсызлар,
бирақ өз ишиңиз нәпсиқаўлық ҳәм
жаўызлыққа толы. 40 Ҳәй, ақыл-
сызлар, сыртын жаратқан ишин
де жаратқан емес пе? 41 Жақсысы,
ыдысларыңыздың ишиндегиден
қайыр-садақа бериңлер, сонда сиз-
лер ушын ҳәмме нәрсе таза болады.
42 Ҳәсирет шегесизлер, пари-
сейлер! Сизлер жалбыз, ийисли
шөп ҳәм ҳәр түрли палыз өним-
лериниң оннан бирин бересизлер,
бирақ әдилликке ҳәм Қудайдың
сүйиспеншилигине бийпәрўа қа-
райсызлар. Буны да ислеп, оны да
қалдырмаўыңыз керек еди. 43 Ҳәси-
рет шегесизлер, парисейлер! Сизлер
мәжилисханаларда сыйлы орында
отырғанды, базар майданларында
өзлериңизге сыйлап сәлем берген-
ди жақсы көресизлер. 44 Сизлер ҳә-
сирет шегесизлер! Себеби сизлер
адамлар билмей үстилеринен ба-
сып өтетуғын белгисиз қәбирлерге
уқсайсызлар, – деди.
45 Сонда нызам муғаллимлери-
ниң бири Ийсаға:

---

[a] **11:31** 3Пат 10:1-10.
[b] **11:32** Юнс 3:6-9.

– Устаз! Сен бул сөзлерди айтып,
бизлерди де қапа қылып атырсаң, –
деди.
46 Бирақ Ийса:
– Сизлер де ҳәсирет шегесизлер,
нызам муғаллимлери! Өйткени
сизлер көтерип жүриўге қыйын
жүклерди адамларға көтертип,
өзлериңиз оларды көтерисиўге
бармағыңызды да қозғамайсыз-
лар. 47 Сизлер ҳәсирет шегесизлер!
Себеби сизлер ата-бабаларыңыз
өлтирген пайғамбарларға мазар-
лар орнатасызлар. 48 Солай етип,
сизлер ата-бабаларыңыздың ис-
лерин мақуллап, оларды дәлил-
лейсизлер. Олар пайғамбарларды
өлтирген еди, ал сизлер оларға
мазарлар орнатасызлар. 49 Сон-
лықтан да, Қудайдың даналығы
былай деген: «Мен оларға пайғам-
барлар менен елшилерди жибере-
мен. Олар гейбиреўлерин өлтирип,
гейбиреўлерин қуўғын қылады».
50-51 Сол себептен Абылдың қа-
нынан[a] баслап, қурбанлық орын
менен Ибадатхана арасында өлти-
рилген Зеханияның қанына[b] дейин,
дүнья жаратылғаннан бери төгил-
ген барлық пайғамбарлардың қа-
ны усы әўладтан талап етиледи.
Аўа, сизлерге айтатуғыным: усы
әўладтан талап етиледи! 52 Ҳәси-
рет шегесизлер, нызам муғаллим-
лери! Өйткени сизлер қутқарылыў
ҳаққында билим қапысының гил-
тин тартып алдыңлар: бул қапыдан
өзлериңиз де кирмедиңлер, кир-
мекши болғанларға да тосқынлық
жасадыңлар, – деди.
53 Ийса сол жерден кетип бара-
тырғанда, ашыўланған диний му-
ғаллимлер менен парисейлер Оны
қысқыға алып, көп сораўларға жу-
ўап бериўге мәжбүрледи. 54 Олар
сөзинен тутып айыплаў ушын,
Ийсаны аңлыды.

### Кимнен қорқыў керек?

*(Мат 10:26-31)*

**12** 1 Соның арасында көп мың-
лаған адамлар жыйналып,
бир-бирине тығылысып турды.
Ийса алды менен Өз шәкиртлери-
не сөз баслап, былай деди:
– Парисейлердиң ашытқысы-
нан, яғный еки жүзлиликтен сақ
болыңлар! 2 Ашылмайтуғын ҳеш
қандай сыр, билинбейтуғын ҳеш
қандай жасырын нәрсе жоқ. 3 Сон-
лықтан қараңғыда айтқаныңыз
жақтыда еситиледи, бекитиўли
қапы артында қулаққа сыбырлап
айтқаныңыз үйлердиң төбесинен
жәрияланады.
4 Мениң сизлерге, досларыма
айтатуғыным: денени өлтирсе де,
буннан соң басқа ҳеш нәрсе ислей
алмайтуғынлардан қорқпаңлар!
5 Бирақ кимнен қорқыўыңыз ке-
рек екенин айтайын: өлтиргеннен
кейин, дозаққа таслайтуғын Қү-
дирети күшли Қудайдан қорқың-
лар. Аўа, сизлерге айтатуғыным:
Оннан қорқыңлар. 6 Бес шымшық
еки тийинға сатылмай ма? Солай
болса да, олардың ҳеш бирин де
Қудай умытпайды. 7 Басларыңыз-
дағы шашлардың бәри де Қудайға
санаўлы. Сонлықтан қорқпаңлар:

---

a **11:50-51** Жар 4:8.
b **11:50-51** 2Жлн 24:20-22.

көп шымшықлардан сизлер қым-
батлырақсызлар.
[8] Сизлерге айтатуғыным: ким де
ким Мени адамлар алдында тән
алса, Адам Улы да оны Қудайдың
периштелериниң алдында тән ала-
ды. [9] Ал ким де ким Мени адамлар
алдында тән алмаса, оның өзи де
Қудайдың периштелериниң ал-
дында тән алынбайды.
[10] Адам Улына қарсы бир сөз
айтқан ҳәр бир адам кеширileди,
бирақ Мухаддес Руўхқа тил тий-
гизген адам кеширилмейди.
[11] Сизлерди мәжилисханаларға,
басшыларға ҳәм ҳәкимлерге апар-
ғанда, қалай жуўап бериўди ямаса не
айтыўды қайғырмаңлар. [12] Себеби
не айтыў керек екенин сизлерге сол
ўақытта Мухаддес Руўх үйретеди.

## Ақылсыз бай

[13] Халық арасынан биреў Ийсаға:
– Устаз, әжағама айт, мийрасты
мениң менен бөлиссин, – деди.
[14] Ийса оған:
– Ким Мени сизлерге қазы ямаса
мийрасларды бөлиўши етип қой-
ды? – деди. [15] Соңынан халыққа: –
Абайлаңлар, дүньяхорлықтан сақ
болыңлар! Өйткени адамның өми-
ри оның мал-мүлкиниң көплигине
байланыслы емес, – деп, [16] оларға
мынадай тымсал келтирди:
– Бир бай адамның егислик жери
мол зүрәәт берипти. [17] Ол өз-өзине:
«Не ислесем екен? Өнимлеримди
жыйнап қоятуғын жерим жоқ», –
деп пикир жүргизипти. [18] Соңынан:
– Былай ислеймен: ғәллеханала-
рымды бузып, оларды үлкейтип
саламан ҳәм сол жерге барлық ғәл-
лем менен мал-мүлкимди жыйнап
қояман. [19] Соңынан өз жаныма бы-
лай деймен: «Жаным, көп жылға
жететуғын мол дүньяң бар. Енди
дем ал, ишип-жеп, кеўлиңди хош-
ла», – депти. [20] Бирақ Қудай оған:
– Ҳәй, ақмақ, бүгин түнде се-
ниң жаның алынады. Сонда се-
ниң жыйнап-тергенлериң кимге
қалады? – депти.
[21] Өзи ушын байлық жыйнап,
Қудай алдында сықмар болған
адамның аўҳалы усындай болады.

## Тәшиўишленбеңлер!

*(Мат 6:25-34)*

[22] Ийса шәкиртлерине былай деди:
– Сонлықтан сизлерге айтату-
ғыным: не жеймиз деп, жаныңыз
ушын, не кийемиз деп, денеңиз
ушын тәшиўишленбеңлер! [23] Жан
аўқаттан, дене кийимнен артық.
[24] Ғарғаларға қараңлар: олар екпей-
ди де, ормайды да. Олардың я дән
сақлағышлары, я ғәллеханалары
жоқ. Бирақ, Қудай оларды асырай-
ды. Ал сизлер қуслардан қаншелли
қымбатлысызлар! [25] Тәшиўишле-
ниў себепли, ким сизлердиң ара-
ңызда өз өмирин бир саатқа болса
да узайта алады? [26] Егер усындай
кишкене нәрсе қолыңыздан келмесе,
басқа нәрселер ҳаққында тәшиўиш-
лениўдиң неге кереги бар? [27] Лала
гүллериниң қалай өсип турғанына
қараңлар! Олар мийнет те етпейди,
жип те ийирмейди. Ал сизлерге ай-
татуғыным: Сулайман да өзиниң
сән-салтанатында усылардың би-
реўиндей сәнли кийинбеген еди.
[28] Егер бүгин далада өсип турғаны
менен, ертең ошаққа тасланату-
ғын шөпти Қудай усылай кийин-
дирсе, сизлерди олардан да артық

кийиндирмес пе еди, ҳәй, исеними
азлар! 29 Сонлықтан да, не ишип, не
жейтуғыныңызды излеп, тәшиўиш-
ленбеңлер. 30 Себеби усылардың бә-
рин бул дүньяға тийисли адамлар
излеп жүреди. Сизлердиң усыларға
мүтәж екениңизди Әкеңиз биледи.
31 Оның орнына, Қудайдың Патша-
лығын излеп жүриңлер, сонда булар
сизлерге қосымша етип бериледи.

32 Ҳәй, кишкене пада, қорқпа!
Әкеңиз сизлерге Патшалықты бе-
риўди мақул тапты. 33 Мал-мүл-
киңизди сатып, қайыр-садақа
бериңлер. Өзлериңизге тозбайту-
ғын қалта ислеп, аспанда таўысыл-
майтуғын ғәзийне жыйнаңлар. Ол
жерге уры да жақынламайды, күйе
де түсип жемейди. 34 Өйткени бай-
лығыңыз қай жерде болса, жүреги-
ңиз де сол жерде болады.

### Ийсаның қайта келиўине таяр болыў

*(Мат 24:45-51;
Мрк 10:38; 13:34-36)*

35 – Беллериңиз буўыўлы болып,
шыраларыңыз жанып турсын!
36 Хожайыны неке тойдан қай-
тып келип, есикти қаққанда, оған
дәрриў ашыў ушын күтип турған
хызметшилердей болыңлар. 37 Хо-
жайыны келгенде олардың сергек
болып турғанын көрсе, сол хызмет-
шилер бахытлы! Сизлерге шынын
айтаман: ол белин буўып, хызмет-
шилерин отырғызып, өзи оларға
хызмет етеди. 38 Егер хожайыны
түн ортасында ямаса таң атқанда
келип, хызметшилериниң ояў тур-
ғанын көрсе, онда сол хызметшилер
қандай бахытлы! 39 Мынаны билип
қойыңлар: егер үй ийеси урының
қашан келетуғынын билсе, ол үйине
урының бузып кириўине жол қой-
мас еди. 40 Сизлер де таяр болып ту-
рыўыңыз шәрт! Себеби Адам Улы
сизлер ойламағанда келеди.

41 Сонда Петр:
– Ийем, Сен бул тымсалды тек
бизлерге айтып атырсаң ба ямаса
ҳәммеге ме? – деди.

42 Ийемиз былай деди:
– Үй ийеси үй-ишимдегилерге ти-
йисли аўқатын ўақтында берсин деп,
олардың үстинен тайынлаған исе-
нимли ҳәм ақыллы үй басқарыўшы
ким? 43 Ийеси келгенде оның солай
ислеп атырғанын көрсе, сол хыз-
метши қандай бахытлы! 44 Сизлер-
ге шынын айтып турман: ийеси оны
өзиниң пүткил мал-мүлкин басқа-
рыўшы етип тайынлайды. 45 Егер сол
хызметши ишинен: «Ийем тез келе
қоймас» деп, малайлар ҳәм шорылар-
ды сабап, ишип-жеп, мәс бола басла-
са, 46 сонда сол хызметшиниң ийеси
күтпеген күни ҳәм ойламаған ўақыт-
та келип, оны аяўсыз жазалап, исен-
бейтуғынлардың аўҳалына салады.

47 Ийесиниң еркин билсе де таяр
турмаған, оның ерки бойынша ис
тутпаған хызметши көп таяқ жей-
ди. 48 Ал оның еркин билмеген ҳәм
жазаға турарлы ис ислеген хыз-
метши аз таяқ жейди. Кимге көп
берилген болса, оннан көп талап
етиледи. Кимге көп исенип тап-
сырылса, оннан көбирек соралады.

### Масийх ушын болатуғын айырылысыўлар

*(Мат 10:34-36)*

49 – Мен дүнья жүзине от салыў-
ға келдим. Оның ҳәзир-ақ жалын-
лап кетиўин қаншелли қәлер едим!

50 Мен жүдә аўыр азап-ҳәсиретти
басымнан кешириўим тийис. Бул
орынланғанша, қаншелли қыйналаман!
51 Мени жер жүзине тынышлық
әкелген, деп ойлап атырсыз ба? Яқ,
деймен сизлерге: алаўызлық әкелгенмен.
52 Өйткени буннан былай,
бир үйде бес адам болса, олар өз
ара бөлинеди. Үшеўи екеўине қарсы,
екеўи үшеўине қарсы болады.
53 Әкеси улына, улы әкесине қарсы,
анасы қызына, қызы анасына қарсы,
қәйин енеси келинине, келини қәйин
енесине қарсы болып бөлинеди.
54 Соңынан Ийса халыққа да былай
деди:
– Сизлер батыстан бир булттың
көтерилгенин көргениңизде, дәрриў:
«Жаўын жаўады» дейсизлер
ҳәм сондай болады да. 55 Қубла самалы
ескенде: «Күн ыссы болады»
дейсизлер ҳәм сондай болады да.
56 Ҳәй, еки жүзлилер! Жер ҳәм аспанның
түсин анықлай алады екенсиз,
неге ҳәзирги ўақыттың райын
анықлай алмайсызлар?
57 Ненің дурыс екенин неге өзлериңиз
шеше алмайсызлар? 58 Биреў
саған қарсы даў көтерип, сени
қазыға алып баратырғанда, жолда
оның менен жарасыўға тырыс.
Олай етпесең, ол сени қазының
алдына апарады, қазы сени хызметкерге
тапсырады, ал хызметкер
сени қамап таслайды. 59 Саған айтатуғыным:
соңғы тийиниңди төлеп
таўыспағаныңша, ол жерден
ҳасла шыға алмайсаң.

### Тәўбе етиў ҳаққында

**13** 1 Сол ўақытта гейбиреўлер
Ийсаға келип, Пилаттың
галилалыларды өлтирткени ҳәм
олардың қанын өзлери шалған
қурбанлықлары менен араластырып
таслағаны ҳаққында айтып
берди. 2 Ийса оларға:
– Усындай апатқа ушырағанлықтан,
бул галилалыларды басқа барлық
галилалылардан гүналырақ,
деп ойлайсызлар ма? 3 Яқ, деймен
сизлерге. Егер тәўбе етпесеңлер,
ҳәммеңиз де усылай набыт боласызлар.
4 Үстилерине Силоам минарасы
қулап өлген он сегиз адам
Ерусалимде жасаўшы адамлардың
ҳәммесинен айыплырақ еди,
деп ойлайсызлар ма? 5 Яқ, деймен
сизлерге. Егер тәўбе етпесеңлер,
ҳәммеңиз де усылай набыт боласызлар,
– деди.
6 Соңынан Ийса мынадай тымсал
айтып берди:
– Бир адамның жүзим бағында
егилген әнжир ағашы болыпты.
Адам оннан мийўе алыў ушын келипти,
бирақ таба алмапты. 7 Сонда
ол бағманға: «Мине, мен үш жылдан
бери бул әнжир ағашынан мийўе
алыў ушын келемен, бирақ таба
алмайман. Оны шаўып тасла! Неге
ол босқа орын ийелеп тур?» – депти.
8 Бирақ бағман оған жуўап берип:
«Хожайын, оны быйыл да қалдырың.
Мен оның әтирапын қазып,
қый төгейин. 9 Мүмкин, ендиги
жылы мийўе берип қалар. Егер бермесе,
шаўып тасларсыз», – депти.

### Ийсаның бүкир ҳаялға шыпа бериўи

10 Бир Шаббат күни Ийса мәжилисханалардың
биринде тәлим берип
отырған еди. 11 Сол жерде он
сегиз жылдан бери аўырыў руўхынан
қыйналған бир ҳаял бар

еди. Ол еки бүкленип қалған бо-
лып, бойын ҳеш тик услай алмас
еди. 12 Ийса оны көрип, жанына
шақырып алды да, оған:
– Ҳаял, сен дәртиңнен азат бола-
саң, – деп, 13 оның үстине қолла-
рын қойғанда, ҳаял сол ўақытта-ақ
бойын тиклеп, Қудайға алғыслар
айта баслады.
14 Сонда мәжилисхана басшы-
сы Ийсаның Шаббат күни шыпа
бергенине ашыўы келип, халыққа:
– Жумыс ислеў ушын алты күн бар.
Шыпа алыўға Шаббат күни емес,
ал сол күнлери келиңлер, – деди.
15 Ийемиз оған былай деп жу-
ўап берди:
– Ҳәй, еки жүзлилер! Шаббат кү-
ни ҳәр бириңиз өгизиңизди ямаса
ешегиңизди қорадан шешип алып,
суўғарыўға апармайсыз ба? 16 Он
сегиз жылдан бери шайтан байлап
қойған Ибрайымның мына қызын
Шаббат күни бул байлаўдан азат
қылыў керек емес пе еди?
17 Ийса усы сөзлерди айтқанда,
Оған қарсылық көрсеткенлердиң
ҳәммеси уялып қалды. Ал пүткил
халық Оның барлық уллы ислери-
не қуўанды.

### Қышқыл туқым ҳәм ашытқы

*(Мат 13:31-33; Мрк 4:30-32)*

18 Соңынан Ийса:
– Қудайдың Патшалығы неге
уқсайды? Оны неге мегзетейин?
19 Ол – бир адамның өз бағына ек-
кен қышқыл туқымына[a] уқсайды.
Ол өсип, терек болады ҳәм шақа-
ларына аспан қуслары ушып келип,
уя салады, – деди.
20 Ийса және былай деди:
– Қудайдың Патшалығын неге
уқсатайын? 21 Ол бир ҳаялдың үш
самар қамырға аз ғана ашытқы сал-
ғанда, барлық қамырды ашытату-
ғын ашытқысына уқсайды.

### Тар қапыдан кириңлер!

*(Мат 7:13-14, 21-23)*

22 Ерусалимге қарай жол алған
Ийса қала ҳәм аўылларды аралап,
тәлим берип жүрди. 23 Бир адам
Ийсадан:
– Ийем, тек аз ғана адам қутқа-
рыла ма? – деп сорады.
24 Сонда Ийса халыққа былай
деди:
– Тар қапыдан кириўге бар күши-
ңизди салыңлар! Себеби сизлерге
айтатуғыным: көплер кириўге тыры-
сады, бирақ кире алмайды. 25 Үйдиң
Ийеси турып қапыны жаўып тасла-
ғанда, сизлер сыртта турып, қапыны
қаға баслап: «Ийем! Бизлерге қапы-
ны аш!» – дейсизлер. Бирақ Ол сиз-
лерге: «Мен сизлерди танымайман
ҳәм қаяқтан келгениңизди билмей-
мен», – деп жуўап береди. 26 Сонда
сизлер: «Бизлер Сениң көз алдыңда
ишип-жедик. Сен бизлердиң көше-
леримизде тәлим беретуғын едиң-
ғо», – деп айтасызлар. 27 Бирақ Ол:
«Сизлерге айтатуғыным: Мен сиз-
лерди танымайман ҳәм қаяқтан
келгениңизди билмеймен. Ҳәй, жа-
манлық қылыўшылардың ҳәммеси
Меннен аўлақ кетиңлер!» – дейди.
28 Сизлер Ибрайымның, Ысақтың,
Яқыптың ҳәм барлық пайғамбар-
лардың Қудайдың Патшалығын-
да жүргенин, ал өзлериңиздиң

---

[a] **13:19** *Қышқыл туқым* – горчица.

сыртқа қуўып шығарылғаныңыз-
ды көргениңизде жылап, пушай-
ман жейсизлер. 29 Шығыстан ҳәм
батыстан, арқадан ҳәм қубладан
адамлар келип, Қудайдың Пат-
шалығында дастурхан әтирапына
отырады. 30 Мине, сонда соңғылар-
дың гейбиреўлери биринширлер, ал
биринширлердиң гейбиреўлери соң-
ғылар болады.

### Ийсаның Ерусалим туўралы қайғырыўы

*(Мат 23:37-39)*

31 Сол ўақытта бир неше пари-
сейлер келип, Ийсаға:
– Бул жерден кет, Ҳирод Сени өл-
тирмекши, – деди.
32 Ийса оларға былай деди:
– Барып, сол түлкиге айтыңлар:
Мен бүгин ҳәм ертең жинлерди қу-
ўып шығарып, аўырыўларға шыпа
беремен, ал үшинши күни исим-
ди жуўмақлайман. 33 Солай болса
да, Мен бүгин, ертең ҳәм арғы кү-
ни Өз жолым менен жүриўим ке-
рек. Өйткени ҳеш бир пайғамбарға
Ерусалимнен басқа жерде өлиўге
болмайды.
34 Оҳ, Ерусалим, Ерусалим! Пай-
ғамбарларды өлтириўши, Қудай-
дың саған жибергенлерин тас
боран қылыўшы қала! Өз шөже-
лерин қанатының астына алған
мәкийен сыяқлы, Мен де сениң
балаларыңды неше рет жыйнамақ-
шы болдым, бирақ сизлер қәлеме-
диңлер. 35 Мине, үйиңизди Қудай
таслап кетеди. Сизлерге айтатуғы-
ным: «Жаратқан Ийениң аты менен
келетуғын жарылқансын!»[a] – деп
айтқанларыңызға дейин Мени көр-
мейсизлер.

### Шаббат күнинде шыпа бериў

14 1 Бир Шаббат күни Ийса
парисейлердиң бир бас-
шысының үйине аўқатқа келгенде,
ҳәмме Оны бақлап отырды. 2 Сон-
да сарсық кеселден азап шеккен
бир адам Ийсаның алдына келди.
3 Ийса диний муғаллимлер менен
парисейлерден:
– Шаббат күни аўырыў адамға
шыпа бериў нызамға туўры келе
ме ямаса туўры келмей ме? – деп
сорады.
4 Олар үндемеди. Сонда Ийса сол
адамға қолын тийгизип шыпа бер-
ди де, қайтарып жиберди. 5 Соңы-
нан оларға былай деди:
– Араңыздағы бириңиздиң бала-
ңыз ямаса өгизиңиз қудыққа тү-
сип кетсе, Шаббат күни болыўына
қарамастан, оны дәрриў шығарып
алмайсыз ба?
6 Олар Ийсаның бул гәпине жу-
ўап бере алмады.

### Өзиңди жоқары тутпа!

7 Қонақлардың өзлерине төрде-
ги орынларды таңлап атырғанын
көрген Ийса оларға мынадай бир
тымсал айтты:
8 – Сени биреў неке тойына ша-
қырғанда, төрдеги орынға отыр-
ма. Шақырылғанлар арасында
сеннен де сыйлырақ биреў болы-
ўы мүмкин. 9 Олай етпесең, еке-
ўиңизди де шақырған адам саған
келип: «Мына адамға орныңды
бер» десе, сен уялып, есик беттеги

---

[a] **13:35** Заб 117:26.

орынға отырыўға мәжбүр боласаң.
[10] Сонлықтан қонаққа шақырылға-
ныңда, барып есик беттеги орынға
отыр. Сонда сени қонаққа шақыр-
ған адам жаныңа келип: «Достым,
төрге шығып отыр», – дейди. Со-
лай етсең, өзиң менен отырған ҳәр
бир адамның алдында абырайға
ийе боласаң. [11] Себеби ким де ким
өзин жоқары тутса, ол пәслетиле-
ди, ким де ким өзин пәс тутса, ол
мәртебели қылынады.
[12] Соңынан Ийса Өзин шақырған
үй ийесине:
– Түски ямаса кешки зыяпат бер-
гениңде досларыңды, туўысқан-
ларыңды, ағайинлериңди, я бай
қоңсыларыңды шақырма. Өйтке-
ни олай етсең, олар да сени қонаққа
шақырып, саған қайтарады. [13] Ке-
рисинше, зыяпат бергениңде жар-
лы, майып, ақсақ ҳәм соқырларды
шақыр. [14] Солай етсең, сен бахытлы
боласаң. Себеби олар саған қайтара
алмайды. Бирақ ҳақ адамлар қайта
тирилгенде, Қудай саған қайтара-
ды, – деди.

### Тойға мирәт етилгенлер

*(Мат 22:1-10)*

[15] Ийса менен дастурхан әтира-
пында отырғанлардың бири бул
сөзлерди еситип, Оған:
– Қудайдың Патшалығында дуз
татқан адам бахытлы, – деди.
[16] Ийса оған былай деди:
– Бир адам үлкен зыяпат берип,
көп қонақ шақырыпты. [17] Аўқатла-
натуғын ўақыт болғанда: «Келиң-
лер, ҳәммеси таяр болды», – деп
айтыў ушын, мирәт етилгенлерге
өз хызметшисин жиберипти. [18] Би-
рақ ҳәммеси ойласып қойғандай,
сылтаў таба баслапты. Биринписи
оған: «Мен жер сатып алдым, со-
ны барып көриўим керек, өтине-
мен, мени кешир», – депти. [19] Ал
екиншиси: «Мен бес жуп өгиз са-
тып алдым, соларды сынап көриў-
ге баратырман. Өтинемен, мени
кешир», – депти. [20] Үшиншиси
де: «Мен тап жаңа үйлендим, сон-
лықтан бара алмайман», – депти.
[21] Хызметши қайтып келип, бу-
лардың ҳәммесин хожайынына
айтып берипти. Үй ийеси ашыў-
ланып, хызметшисине: «Тез бар да,
қаланың үлкен-киши көшелерин
аралап, жарлы, майып, соқыр ҳәм
ақсақ адамларды бул жерге алып
кел», – деп буйырыпты. [22] Соңы-
нан хызметши: «Хожайын, буйыр-
ғанларыңызды орынладым, бирақ
және де бос орын бар», – депти.
[23] Хожайын хызметшисине: «Жол-
ларға ҳәм аўыл соқпақларына ба-
рып, адамларды бул жерге келиўге
көндир. Сонда үйим адамларға то-
лы болады. [24] Өйткени сизлерге ай-
татуғыным: мирәт етилгенлердиң
ҳеш қайсысы да мениң зыяпатым-
нан дуз татпайды*», – депти.

### Ийсаға шәкирт болыўдың шәрти

*(Мат 10:37-38)*

[25] Ийса менен бирге көп халық
жүрген еди. Ийса оларға бурылып
былай деди:
[26] – Ким де ким Маған келип,
Мени ата-анасынан, ҳаялынан,
балаларынан, аға-инисинен, апа-қа-
рындасларынан, ҳәтте, өз өмиринен
де артық көрмесе, ол Мениң шәкир-
тим бола алмайды. [27] Ким де ким
өз атанақ ағашын арқалап, Мениң

изимнен жүрмесе, ол Мениң шәкир-
тим бола алмайды. 28 Араңыздағы
бириңиз минара қурмақшы болса,
оны питкериў ушын қәрежет жете
ме деп, алдын ала отырып, есаплап
шықпай ма? 29 Олай етпесе, тийка-
рын салып болып, қурып питкере
алмай қалса, буны көргенлер оның
үстинен күлип: 30 «Мына адам қу-
рыўды баслап, питкере алмады», –
дейди.

31 Бир патша басқа патшаға қарсы
урысқа шығажақ болса, өзимниң
он мың әскерим менен, киятырған
қарсыласымның жигирма мың әс-
керине қарсы тура аламан ба деп,
алдын ала отырып ойланып ал-
май ма? 32 Күши жетпейтуғын бол-
са, сол патша еле узақта болғанда
оған елши жиберип, тынышлық
питимин жасаўды сорайды. 33 Со-
лай етип, сизлердиң ҳәр бириңиз
өзиңизге тийисли ҳәмме заттан ўаз
кешпесеңиз, Мениң шәкиртим бо-
ла алмайсыз.

34 Дуз – жақсы нәрсе. Бирақ дуз
өз күшин жойтса, оны қалай және
шорлы қылыўға болады? 35 Ол то-
пыраққа да, қый болыўға да жара-
мағанлықтан, сыртқа ылақтырып
тасланады. Қулағы бар адам жақ-
сылап еситип алсын!

## Жойтылған қой

*(Мат 18:12-14)*

**15** 1 Ийсаны тыңлаў ушын көп
салықшылар менен гүна-
карлар Оның қасына жақынлап
келген еди. 2 Парисейлер менен
диний муғаллимлер буны көрип:

– Ол гүнакарларды қабыл етип,
олар менен бирге аўқат жейди, –
деп наразылық билдирди.

3 Сонда Ийса оларға мына тым-
салды айтып берди:

4 – Айтайық, араңыздағы бириңиз-
диң жүз қойы болып, биреўин жой-
тып алса, ол тоқсан тоғызын шөл
далада қалдырып, жойтылған бир
қойын таппағанша излеп жүрмес пе
еди? 5 Таўып алғаннан соң қуўанып
кетип, оны ийнине көтерип алады да,
6 үйине келип, дослары менен қоң-
сыларын шақырып, оларға: «Мениң
менен бирге қуўаныңлар, жойтылған
қойымды таптым», – дейди. 7 Сизлер-
ге айтатуғыным: сол сыяқлы, тәўбе
етиўге ҳәжети жоқ тоқсан тоғыз ҳақ
адамнан гөре, тәўбе еткен бир гү-
накарға аспанда көбирек қуўанады.

## Жойтылған гүмис теңге

8 – Айтайық, бир ҳаялдың он
драхмасы[a] болып, биреўин жой-
тып алса, ол шыра жағып, үйди
сыпырып, таппағанша муқыятлап
излемес пе еди? 9 Таўып алғаннан
соң, қурдаслары менен қоңсыларын
шақырып: «Мениң менен бирге қу-
ўаныңлар, жойтылған драхмамды
таўып алдым», – дейди. 10 Сизлерге
айтатуғыным: Қудайдың периш-
телери де тәўбе еткен бир гүнакар
ушын усылай қуўанады.

## Жойтылған ул

11 Ийса және былай деди:
– Бир адамның еки улы бар екен.
12 Олардың генжетайы әкесине:
– Әке, мал-мүлкиңниң маған ти-
йисли бөлегин бер, – депти.

---

[a] **15:8** *Он драхма* – бир драхма жумысшының бир күнлик ис ҳақысы.

Сонда әкеси мал-мүлкин еки улы-
на бөлип берипти. 13 Бир неше күн
өткеннен соң, киши ул бары-жоғын
жыйнап алып, узақ елге кетип қа-
лыпты. Ол жерде бузық жолға түсип,
мал-мүлкин жөнсиз сарп етипти.
14 Жигит ҳәммесин сарп етип бол-
ғаннан соң, сол елде аўыр ашар-
шылық болып, ол жоқшылыққа
ушырапты. 15 Ол барып, сол елдиң
бир турғынына жалланыпты. Ал ол
адам жигитти даласындағы шошқа-
ларды бағыўға жиберипти. 16 Жи-
гит шошқалар жейтуғын жем менен
қарнын тойдырыўға да зар болып-
ты. Бирақ оған ҳеш ким ҳеш нәр-
се бермепти. 17 Оның ақылы енип:
– Әкемниң қаншама жалланған
жумысшылары нанға тойып жүр,
ал мен бул жерде аштан өлейин
деп атырман. 18 Қой, әкеме бара-
йын, оған: «Әке, мен Қудайға ҳәм
саған қарсы гүна иследим. 19 Енди
сениң балаң деп аталыўға ылайық-
лы емеспен. Мени жалланған жу-
мысшыларыңның қатарына қабыл
ет», – деп айтайын, – депти.
20 Солай етип, жигит әкесине қа-
рай жолға шығыпты. Ол еле узақ-
та киятырғанда, әкеси улын көрип,
баўыры елжиреп кетипти. Жуўы-
рып барып, улын қушақлап сүйе
баслапты. 21 Улы оған:
– Әке, мен Қудайға ҳәм саған қар-
сы гүна иследим. Енди сениң улың
деп аталыўға ылайықлы емеспен, –
депти.
22 Бирақ әкеси хызметшилерине:
– Тез болыңлар, ең жақсы кийим
әкелип, оған кийгизиңлер. Қолына
жүзик тағып, аяғына аяқ кийим бе-
риңлер. 23 Бағып семиртилген бас-
пақты әкелип сойыңлар, ишип-жеп,
кеўил көтерейик. 24 Себеби мениң
бул улым өлген еди – тирилди,
жойтылған еди – табылды, – депти.
Солай етип, олар тойлай баслапты.
25 Сол ўақытта үлкен улы атызда
еди. Қайтып киятырып үйине жа-
қынлағанда, нама ҳәм ойын-күлки
сеслерин еситипти. 26 Хызметши-
лериниң биреўин шақырып алып:
– Бул не? – деп сорапты.
27 Хызметши оған:
– Иниңиз қайтып келди, әкеңиз
оның аман-саў қайтып келгени
ушын семиртилген баспақты сой-
ды, – деп жуўап берипти.
28 Үлкен улы ашыўланып, үйге
киргиси келмепти. Сонда әкеси
сыртқа шығып, оннан ишке кириў-
ди өтинипти. 29 Бирақ ол әкесине
былай депти:
– Мине, мен саған неше жылдан
бери хызмет етип киятырман, ҳеш
қашан сениң буйрығыңа қарсы шық-
қан емеспен. Бирақ досларым менен
ўақты хошлық етиўим ушын, сен ма-
ған бир ылақ та берген жоқсаң. 30 Ал
енди болса, мал-мүлкиңди бузық ҳа-
яллларға сарп етип келген мына улы-
ңа семиртилген баспақты сойыпсаң.
31 Әкеси оған:
– Улым! Сен ҳәмме ўақыт мениң
менен биргесең. Мениң барлық
мал-мүлким сеники. 32 Бирақ бү-
гин қуўанып, кеўил көтериўимиз
керек. Өйткени сениң бул иниң
өлген еди – тирилди, жойтылған
еди – табылды, – депти.

### Наҳақ үй басқарыўшы

16 1 Ийса Өз шәкиртлерине
және былай деди:
– Бир бай адамның үй басқарыў-
шысы бар екен. Байдың қулағына:

«Үйиңди басқарыўшы мал-мүлкиң-
ди сарп етип жүрипти», – деген
шағым жетипти. 2 Бай оны шақы-
рып алып:
– Сен туўралы еситип атырғаным
не гәп? Өз жумысың бойынша есап
бер. Сен буннан былай үй басқа-
рыўшы бола алмайсаң, – депти.
3 Сонда үй басқарыўшы ишинен:
– Не қылсам екен? Хожайыным
мени жумыстан босатып атыр. Жер
қазыўға күшим жетпейди, сада-
қа сораўға уяламан. 4 Басқарыў-
шылықтан босатылғанымнан соң,
адамлар мени үйлерине қабыл қы-
лыўы ушын не ислесем екен? – деп
ойлады. Соңынан ҳе, таптым, –
депти де, 5 хожайынына қарыздар
адамларды бирим-бирим шақы-
рып алып, олардың бириншисинен:
– Хожайынымнан қанша қары-
зың бар? – деп сорапты.
6 Ол:
– Жүз батпан май, – деп жуўап
берипти.
– Тил хатыңды ал да, тез отырып,
елиў батпан деп жаз, – депти бас-
қарыўшы. 7 Соңынан басқасынан:
– Сениң қанша қарызың бар? –
деп сорапты.
– Мың қап бийдай, – деп жуўап
берипти ол.
Оған да:
– Тил хатыңды ал да, сегиз жүз
қап деп жаз, – депти.
8 Хожайыны наҳақ үй басқарыў-
шыны ақыллы ис қылғаны ушын
мақтапты. Себеби бул дүньяның
адамлары өзи сыяқлылар арасында
Нурдың балаларынан гөре ақыл-
лырақ ҳәрекет қылады. 9 Мениң
сизлерге айтатуғыным: бул дүнья-
ның байлығынан пайдаланып дос
арттырыңлар, бул байлық таўы-
сылғанда, олар сизлерди мәңгилик
мәканға қабыл қылсын.
10 Кишкене исте исенимли бол-
ған адам үлкен исте де исенимли
болады, ал кишкене исте садық
болмаған адам үлкен исте де са-
дық болмайды. 11 Солай етип, егер
сизлер бул дүньяның байлығына
садық болмасаңыз, ким сизлерге
аспандағы ҳақыйқый байлықты
исенип тапсырады? 12 Егер сизлер
басқаға тийисли нәрсеге садық бол-
масаңыз, ким сизлерге өзлериңиз-
дикин береди?
13 Ҳеш бир хызметши еки хожа-
йынға хызмет ете алмайды. Себеби
ол биреўин жек көрип, екиншисин
жақсы көреди ямаса биреўине са-
дық болып, екиншисине итибар-
сыз қарайды. Сизлер ҳәм Қудайға,
ҳәм байлыққа бирдей хызмет ете
алмайсызлар.
14 Булардың ҳәммесин дүньяхор
парисейлер еситип, Ийсаны мазақ
қылды. 15 Ийса оларға былай деди:
– Сизлер өзлериңизди адамлар
алдында ҳақ қылып көрсетесизлер,
бирақ Қудай жүрегиңизди биледи.
Адамлар қымбат деп санаған нәрсе
Қудай алдында жеркенишли.
16 Яқыяға дейин Мухаддес Нызам
ҳәм пайғамбарлар дәўири болды. Сол
ўақыттан баслап, Қудайдың Патша-
лығы ҳаққында Хош Хабар жәрия-
ланып киятыр ҳәм ҳәр бир адам оған
кириўге күш салып жүр. 17 Бирақ
Мухаддес Нызамнан бир ноқат жо-
ғалғанынан гөре, аспан ҳәм жердиң
жоқ болып кетиўи аңсатырақ.
18 Өз ҳаялы менен ажырасып, бас-
қа ҳаялға үйленген ҳәр бир адам
неке ҳадаллығын бузған болады.

Күйеўинен ажырасқан ҳаялға үй-
ленген адам да неке ҳадаллығын
бузған болады.

### Тиленши Лазар ҳәм бай

19 – Зығырдан тигилген шым қы-
зыл сәнли кийимлер кийип, ҳәр кү-
ни дәбдебели зыяпатлар беретуғын
бир бай адам болыпты. 20 Байдың
дәрўазасы алдында пүткил денесин
жара басқан Лазар атлы бир тилен-
ши жатады екен. 21 Ол байдың дас-
турханынан түскен усақлар менен
қарнын тойдырыўды әрман етипти.
Ийтлер де келип, оның жараларын
жалап кетеди екен. 22 Ўақты келген-
де тиленши қайтыс болып, периш-
телер оны Ибрайымның жанына
алып барыпты. Бай адам да қайтыс
болып, оны жерлепти. 23 Бай дозақ
отында азап шегип атырып, басын
көтерип қарағанда, алыста Ибра-
йымды ҳәм оның қасындағы Лазар-
ды көрипти. 24 Ол қатты бақырып:
«Ибрайым ата, маған реҳим ете гөр!
Лазарды жибер, ол бармағының
ушын суўға басып, мениң тилиме
суў тамызсын. Себеби мен бул от
ишинде қатты қыйналып атыр-
ман», – депти. 25 Бирақ Ибрайым
оған: «Балам, сен өмириңде тек
жақсылық көргениңди, ал Лазар-
дың жаманлық көргенин умытпа.
Енди болса, ол бул жерде жубаныш
таўып, ал сен қыйналып атырсаң.
26 Буның үстине, сизлер менен биз-
лердиң арамызға үлкен туңғыйық
орнатылған. Сонлықтан бул жерден
сизлерге өтпекши болғанлар өте
алмайды ҳәм ол жерден де бизлер-
ге ҳеш ким өте алмайды», – депти.
27 Сонда бай адам: «Ата, олай болса,
сеннен өтинемен, Лазарды мениң
әкемниң үйине жибер. 28 Өйтке-
ни мениң бес аға-иним бар. Олар
да бул азап шегетуғын жерге түс-
пеўи ушын Лазар барып, оларды
ескертсин», – депти. 29 Бирақ Ибра-
йым оған: «Оларда Муўса ҳәм басқа
пайғамбарлардың Жазыўлары бар.
Оларды тыңласын», – депти. 30 Ал
бай адам: «Яқ, Ибрайым ата! Егер
өлгенлердиң биреўи тирилип бар-
са ғана, олар тәўбе етеди», – депти.
31 Сонда Ибрайым оған: «Егер Муў-
са менен пайғамбарларды тыңла-
маған болса, өлгенлердиң биреўи
тирилсе де, исенбейди», – деп жу-
ўап берипти.

### Кеширим, исеним ҳәм хызмет

*(Мат 18:6-7, 21-22; Мрк 9:42)*

**17** 1 Ийса Өз шәкиртлерине
және былай деди:
– Адамларды гүнаға азғырыўшы
нәрселердиң келиўи сөзсиз. Би-
рақ олар ким арқалы келсе, сол
адам ҳәсирет шегеди! 2 Ол адам-
ның мына кишкенелердиң бире-
ўин азғырғанынан гөре, мойнына
дигирман тасы байланып, теңизге
тасланғаны оған жақсырақ болар
еди. 3 Абайлы болыңлар! Егер ту-
ўысқаның саған қарсы гүна ислесе,
оған ескертиў жаса. Егер гүнасын
мойынласа, оны кешир. 4 Егер ол
саған қарсы бир күнниң ишинде
жети рет гүна ислесе, жети рет те
саған келип: «Гүнамды мойынлай-
ман» десе, оны кешир.
5 Сонда елшилер Ийемизге:
– Исенимимизди арттыр, – деди.
6 Ийемиз былай деди:
– Егер исенимиңиз қышқыл
тұқымындай ғана болса да, бул
тут ағашына: «Тамырың менен

қопарылып, теңизге отырғызыл», –
десеңлер, ол сөзиңизди тыңлайды.
7 Араңызда қайсы бириңиз жер
айдап ямаса мал бағып жүрген хыз-
метшиңиз даладан қайтқанда, оған:
«Тез келип, дастурханға отыр», –
дейсиз? 8 Керисинше, оған: «Мениң
кешки аўқатымды таярла, белиң-
ди буўып, ишип-жеп болғанымша,
маған хызмет ет. Соңынан өзиң
ишип-жейсең», – деп айтпайсыз ба?
9 Буйырғанын орынлағаны ушын
хызметшисине миннетдаршылық
билдирер ме екен? 10 Сол сыяқлы
сизлер де өзлериңизге буйырыл-
ғанның ҳәммесин орынлағаннан
соң: «Бизлер арзымайтуғын қул-
лармыз, тек ўазыйпамызды ғана
орынладық», – деңлер.

## Тери кеселлигине шалынған он адам

11 Ийса Ерусалимге баратырып,
Самария ҳәм Галила үлкелери ара-
сындағы шегара жерлер арқалы
жүрди. 12 Ол бир аўылға кирип кия-
тырғанда тери кеселлигине шалын-
ған он адам гезлести. Олар узақта
турып, 13 қатты даўыслап:
– Устазымыз Ийса, бизлерге ре-
ҳим ет! – деди.
14 Ийса оларды көрип:
– Барып, өзлериңизди руўханий-
лерге көрсетиңлер, – деди.
Олар кетип баратырғанда те-
ри кеселлигинен жазылып кет-
ти. 15 Олардың ишиндеги биреўи
өзиниң шыпа тапқанын көрип, бә-
лент даўыс пенен Қудайды алғыс-
лап, қайтып келди де, 16 Ийсаның
аяғына жығылып, Оған миннет-
даршылық билдирди. Бул адам са-
мариялы еди. 17 Сонда Ийса:
– Шыпа тапқан он адам емес
пе еди? Қалған тоғызы қаяқта?
18 Қудайға алғыс айтыў ушын, мы-
на шет еллиден басқа ҳеш ким қай-
тып келмеди ме? – деди.
19 Соң оған:
– Орныңнан тур да, кете бер, исе-
нимиң сени қутқарды, – деди.

## Қудайдың Патшалығының келиўи

*(Мат 24:23-28, 37-41)*

20 Парисейлер Қудайдың Пат-
шалығының қашан келетуғынын
сорағанда, Ийса оларға былай деп
жуўап берди:
– Қудайдың Патшалығы көзге
көринип келмейди. 21 «Мине, бул
жерде» ямаса «Әне, ана жерде» деп
те айтпайды. Себеби Қудайдың
Патшалығы сизлердиң араңыз-
да, – деди.
22 Соң Ийса шәкиртлерине бы-
лай деди:
– Адам Улының күнлериниң би-
рин болса да көриўди аңсайтуғын
ўақытларыңыз келеди. Бирақ, кө-
ре алмайсызлар. 23 Сизлерге: «Әне,
Ол ана жерде» ямаса «Мине, Ол
бул жерде» десе, бармаңлар, олар-
дың излерине ермеңлер. 24 Өйткени
шақмақ шағып, аспанды бир шети-
нен екинши шетине дейин жарқы-
ратып жибергендей, Адам Улы да
Өз күнинде солай пайда болады.
25 Бирақ дәслеп Ол көп азап ше-
гип, бул әўлад тәрепинен қабыл-
ланбаўы тийис.
26 Нухтың заманында қалай бол-
ған болса, Адам Улының күнлерин-
де де солай болады. 27 Нух кемеге
минген күнге дейин адамлар ишип-
жеди, үйленди, турмысқа шықты.

Соңынан топан суўы басып, ҳәм-
мени набыт қылды[a]. **28** Луттың за-
манында да сондай болды: адамлар
ишип-жеди, саўда-сатық иследи,
егин екти, жай салды. **29** Бирақ, Лут
Содом қаласынан шыққан күни ас-
паннан от ҳәм күкирт жаўып, ҳәм-
мени набыт қылды[b]. **30** Адам Улы
пайда болатуғын күни де тап сон-
дай болады.

**31** Сол күни тамның төбесинде
болған адамның затлары үйинде
қалса, оларды алыў ушын төменге
түспесин. Ким де ким атызда бол-
са, изине қайтпасын. **32** Луттың ҳа-
ялын[c] еске түсириңлер! **33** Ким де
ким өз жанын сақламақшы бол-
са, оны набыт қылады, ал ким де
ким өз жанын набыт қылса, оны
сақлайды. **34** Сизлерге айтатуғы-
ным: сол түни бир төсекте жатыр-
ған еки адамның биреўи алынады,
екиншиси қалдырылады. **35** Бирге
дигирман тартқан еки ҳаялдың би-
реўи алынады, екиншиси қалды-
рылады. [**36** *]

**37** Сонда шәкиртлери Ийсадан:

– Ийем, бул ўақыялар қай жерде
болады, – деп сорады.

Ийса оларға:

– Өлик қай жерде болса, қузғын-
лар да сол жерге жыйналады, – деди.

### Жесир ҳаял ҳәм қазы

**18** **1** Ийса шәкиртлерине бәр-
қулла дуўа етип, үмит үзбеў
кереклигин билдириў ушын бир
тымсал айтып берди.

**2** Ол былай деди:

– Бир қалада Қудайдан да қорқ-
пайтуғын, адамлардан да уялмай-
туғын бир қазы болыпты. **3** Сол
қалада бир жесир ҳаял да турады
екен. Ҳаял оған қайта-қайта келип:
«Мениң ҳуқықымды даўласымнан
қорғаң», – деп өтине береди екен.
**4** Бирақ қазы көп ўақытқа дейин
буны ислегиси келмепти. Соңы-
нан өз-өзине: «Мен Қудайдан да
қорқпайман, адамлардан да уял-
майман. **5** Бирақ, мына жесир ҳаял
маған тынышлық бермей атырғаны
ушын оның ҳуқықын қорғай қоя-
йын. Болмаса, ол қайта-қайта ке-
лип, мениң мазамды алар», – депти.

**6** Ийемиз сөзин даўам етип бы-
лай деди:

– Әдалатсыз қазының сөзлерин
еситтиңлер. **7** Солай екен, Қудай
Өзине күни-түни жалбарынып
атырған, Өзи таңлап алған адам-
ларының ҳуқықын қорғамай ма?
Оларды көп күттирип қоя ма? **8** Сиз-
лерге айтатуғыным: көп кешикпей
олардың ҳуқықын қорғайды. Бирақ
Адам Улы келгенде, жер жүзинде
исеним табар ма екен?

### Парисей ҳәм салықшы

**9** Өзлериниң ҳақлығына исенип,
басқаларды кемситетуғын айырым
адамларға Ийса мына тымсалды да
айтып берди:

**10** – Еки адам дуўа етиў ушын
Ибадатханаға кирипти. Олар-
дың биреўи парисей, екиншиси
салықшы екен. **11** Парисей турып
алып мынадай деп дуўа етипти: «О,

---

[a] **17:27** Жар 6:5–7:1.
[b] **17:28-29** Жар 19:1-29.
[c] **17:32** Жар 19:23-26.

Қудайым! Мен басқа адамлардай
тонаўшы, наҳақ, неке ҳадаллығын
бузыўшы ямаса, ҳәтте, мына са-
лықшы сыяқлы болмағаным ушын,
Саған шүкирлик етемен. 12 Ҳәпте-
сине еки мәрте ораза тутаман. Бар-
лық тапқан табысымның оннан
бирин беремен». 13 Ал салықшы
алыста турып, көзин аспанға кө-
териўге де батылы бармай, қатты
өкинип: «О, Қудайым! Мендей гү-
накарға реҳим ет!» – депти.

14 Сизлерге айтатуғыным: пари-
сей емес, ал усы адам ақланып үйи-
не қайтыпты. Себеби ким де ким
өзин жоқары тутса, ол пәслетиле-
ди, ал ким де ким өзин пәс тутса,
ол мәртебели қылынады.

### Ийса ҳәм кишкене балалар

*(Мат 19:13-15; Мрк 10:13-16)*

15 Қолын тийгизсин деп, адам-
лар Ийсаға бөбеклерин алып келди.
Шәкиртлери буны көрип, оларға ке-
йиди. 16 Бирақ Ийса оларды қасы-
на шақырып алып, шәкиртлерине:

– Балалардың Маған келиўине
рухсат бериңлер, оларға тосқын-
лық жасамаңлар. Өйткени Қудай-
дың Патшалығы усындайлардики.
17 Сизлерге шынын айтаман: ким де
ким Қудайдың Патшалығын киш-
кене бала сыяқлы қабыл етпесе, ол
оған кире алмайды, – деди.

### Байлық ҳәм мәңгилик өмир

*(Мат 19:16-30; Мрк 10:17-31)*

18 Бир басшы Ийсадан:

– Ийгиликли Устаз! Мәңгилик
өмирди алыўым ушын не ислеўим
керек? – деп сорады.

19 Ийса оған:

– Сен неге Мени ийгиликли деп
атап атырсаң? Жалғыз Қудайдан
басқа ҳеш ким ийгиликли емес.
20 Оның буйрықларын өзиң биле-
сең: «Неке ҳадаллығын бузба, адам
өлтирме, урлық ислеме, жалған гү-
ўалық берме, ата-анаңды ҳүрмет-
ле»[a], – деди.

21 Бирақ ол:

– Булардың ҳәммесин мен бала
ўақтымнан бери орынлап киятыр-
ман, – деди.

22 Буны еситкен Ийса оған:

– Саған және бир нәрсе жетиспей-
ди. Барлық мал-мүлкиңди сатып,
ақшасын жарлыларға үлестирип
бер. Сонда сениң ғәзийнең аспан-
да болады. Соңынан келип, Мениң
изиме ер, – деди.

23 Басшы буны еситип, қатты қа-
па болды. Себеби ол жүдә бай еди.

24 Ийса оның қапа болғанын кө-
рип:

– Байлығы барлардың Қудайдың
Патшалығына кириўи қандай қы-
йын! 25 Бай адамның Қудайдың
Патшалығына кириўинен гөре, тү-
йеге ийнениң көзинен өтиў аңса-
тырақ, – деди.

26 Буны еситкенлер:

– Олай болса, ким қутқарыла ала-
ды? – деп сорады.

27 – Адамлардың қолынан кел-
меген нәрсе Қудайдың қолынан
келеди, – деди Ийса.

28 Сонда Петр:

– Минекей, бизлер ҳәмме нәр-
семизди таслап, Сениң изиңе ер-
дик, – деди.

29 Ийса шәкиртлерине:

---

a **18:20** Шығ 20:12-16; Нзм 5:16-20.

– Сизлерге шынын айтаман:
Қудайдың Патшалығы ушын я
үйин, я ҳаялын, я туўысқанларын,
я ата-анасын, я балаларын қал-
дырып кеткен ҳәр бир адам **30** бул
дүньяда неше есе артығы менен
алады ҳәм келешекте мәңгилик
өмирге ийе болады, – деди.

### Ийсаның Өз өлими ҳәм қайта тирилиўи ҳаққында үшинши рет билдириўи

*(Мат 20:17-19; Мрк 10:32-34)*

**31** Ийса он еки шәкиртин қасына
шақырып алып, оларға былай деди:
– Минекей, бизлер енди Ерусa-
лимге қарай көтерилип баратыр-
мыз. Сол жерде пайғамбарлардың
Адам Улы туўралы жазғанларының
ҳәммеси орынланады. **32** Ол басқа
миллет адамларына услап бери-
леди. Олар Оның үстинен күледи,
масқаралайды, бетине түкиреди
**33** ҳәм қамшылап сабап, өлтире-
ди. Ал Ол үшинши күни қайта ти-
риледи.
**34** Бирақ шәкиртлери бул сөз-
лерден ҳеш нәрсе түсинбеди. Бул
сөзлер оларға жасырын болып,
айтылғанлардың мәнисин аңла-
мады.

### Ийсаның бир соқыр адамға шыпа бериўи

*(Мат 20:29-34; Мрк 10:46-52)*

**35** Ийса Ерихо қаласына жақын-
лағанда, жолдың шетинде тилен-
шилик етип, бир соқыр адам отыр
еди. **36** Қасынан адамлардың өтип
баратырғанын еситкен ол:
– Не болып атыр? – деп сорады.
**37** – Насыралы Ийса өтип бара-
тыр, – деди адамлар оған.
**38** Сонда ол:
– Даўыттың Урпағы[a] Ийса! Ма-
ған реҳим ете гөр! – деп бақырып
жиберди.
**39** Алдында кетип баратырғанлар
үнин шығармаўды айтып, оған ке-
йиди. Бирақ ол оннан да бетер қат-
ты бақырып:
– Даўыттың Урпағы! Маған ре-
ҳим ете гөр! – деди.
**40** Сонда Ийса тоқтап, соқыр
адамды қасына алып келиўди бу-
йырды. Соқыр адам жақынлаған-
да, Ийса оннан:
**41** – Сен ушын не ислеўимди қә-
лейсең? – деп сорады.
– Ийем, көзлерим көретуғын бол-
сын, – деди ол.
**42** Ийса оған:
– Көзлериң көретуғын болсын,
исенимиң сени қутқарды, – деди.
**43** Сол ўақытта-ақ соқыр адамның
көзлери көре баслады ҳәм Қудай-
ды алғыслап, Ийсаның изине ер-
ди. Буны көрген пүткил халық та
Қудайды мақтады.

### Салықшы Зақайдың қутқарылыўы

**19** **1** Ийса Ерихо қаласына ки-
рип, оның ишинен өтти.
**2** Сол жерде Зақай атлы бир адам
бар еди. Өзи салықшылардың бас-
лығы болып, бай адам еди. **3** Ол
Ийсаның қандай екенлигин көриў-
ге урынды. Бирақ адамлар көп бол-
ғанлықтан, көре алмады. Өйткени
оның бойы пәс еди. **4** Ийсаны кө-
риў ушын ол алға қарай жуўырып,

---

a **18:38** *Даўыттың Урпағы* – Масийхтың басқа атағы.

жабайы әнжир терегине шығып
алды. Себеби Ийса усы жерден
өтиўи керек еди. **5** Ийса сол жерге
келгенде жоқарыға қарап, оған:
– Зақай, тезирек төмен түс! Бү-
гин сениң үйиңде қалыўым ке-
рек, – деди.
**6** Ол тезлик пенен төмен түсип,
Ийсаны қуўаныш пенен қабыл ал-
ды. **7** Буны көргенлердиң ҳәммеси:
– Ол гүнакар адамның үйине қо-
наққа барды, – деп наразылық бил-
дире баслады.
**8** Бирақ Зақай орнынан турып,
Ийемизге:
– Ийем, мал-мүлкимниң ярымын
жарлыларға беремен. Егер кимниң
ҳақын жеген болсам, төрт есе арты-
ғы менен қайтарып беремен, – деди.
**9** Сонда Ийса:
– Бүгин бул үйге қутқарылыў кел-
ди. Өйткени бул адам да Ибрайым-
ның урпағы. **10** Себеби Адам Улы
адасқанларды таўып, қутқарыў
ушын келди, – деди.

### Он мина ҳаққында тымсал

*(Мат 25:14-30)*

**11** Буларды тыңлап отырғанлар-
ға Ийса тымсал менен сөзин да-
ўам етти. Өйткени Ол Ерусалимге
жақынласып қалғанлықтан, олар:
«Қудайдың Патшалығы жақын
арада келеди», – деп ойлаған еди.
**12** Сонлықтан Ийса былай деди:
– Бир ақсүйек адам өзине патша-
лық бийлигин алып қайтыў ушын,
узақ елге кетпекши болыпты. **13** Ол
өзиниң он хызметшисин шақы-
рып алып: «Мен қайтып келемен
дегенше, бул ақшаны айланысқа
салыңлар», – деп, оларға он мина[a]
берипти. **14** Бирақ оған қараслы пу-
қаралар оны жек көретуғын еди.
Сонлықтан оның изинен ўәкил-
лерин жиберип: «Оның бизлердиң
үстимизден патша болыўын қәле-
меймиз», – деп хабар жоллапты.
**15** Бирақ ол патша болып қайтып
келгенде, өзи берген ақшалар ме-
нен ким қанша арттырғанын билиў
ушын хызметшилерин өзине ша-
қыртыпты. **16** Биринширси келип:
«Хожайын! Сизиң бир минаңыз
және он мина арттырды», – деп-
ти. **17** Хожайыны оған: «Бәрекелла,
жақсы хызметшим! Кишкене исте
исенимли болғаның ушын, сен он
қала үстинен басқарыўға бийлик
аласаң», – депти.
**18** Екиншиси келип: «Хожайын,
сизиң бир минаңыз және бес мина
арттырды», – депти. **19** Хожайыны
оған да: «Сен бес қаланың үстинен
басқарыўшы боласаң», – депти.
**20** Соңынан басқасы да келип:
«Хожайын! Мине, сизиң минаңыз.
Мен оны бет орамалға түйип сақла-
дым. **21** Мен сизден қорқтым. Себе-
би сиз қоймаған жериңизден алып,
екпеген жериңизден оратуғын қа-
тал адамсыз», – депти. **22** Хожайы-
ны оған: «Ҳәй, жаман хызметши!
Сени өз аўзыңнан шыққан сөзлериң
менен айыплайман. Мениң қойма-
ған жерден алатуғын, екпеген жер-
ден оратуғын қатал адам екенимди
биледи екенсең, **23** неге енди ақ-
шамды айланысқа берип жиберме-
диң? Сонда мен қайтып келгенимде,
оны пайдасы менен қайтарып алар
едим», – депти. **24** Соң қасында

---

a **19:13** *Он мина* – бир мина жумысшының үш айлық ис ҳақысы.

турғанларға қарап: «Оннан минаны
алың да, он минасы барға бериң-
лер», – депти. 25 «Хожайын, оның
он минасы бар-ғо», – десипти олар.
26 Сизлерге айтатуғыным: кимде
бар болса, оған қосымша береле-
ди, ал кимде жоқ болса, оның бары
да тартып алынады. 27 Енди үсти-
леринен патша болыўымды қәле-
меген душпанларымды бул жерге
алып келиң де, көзимниң алдында
өлтириңлер, – депти патша.

### Ийсаның Ерусалимге салтанатлы түрде кириўи

*(Мат 21:1-11; Мрк 11:1-11; Юхн 12:12-19)*

28 Усыларды айтып болғаннан
кейин Ийса жол баслап, Ерусалим-
ге қарай жүрди. 29 Ол Зәйтүн таўы
деп аталатуғын таўдың етегиндеги
Бетфаге ҳәм Бетания деген аўыл-
ларға келгенде еки шәкиртин жум-
сап, 30 оларға былай деди:
– Қарсы алдыңыздағы аўылға ба-
рыңлар. Оған киргениңизде, еле
ҳеш ким минбеген, байлап қойыл-
ған гүррени табасызлар. Оны ше-
шип, алып келиңлер. 31 Егер биреў:
«Оны неге шешип атырсызлар?» –
деп сораса, «Ол Ийемизге керек», –
деп айтыңлар.
32 Жиберилгенлер барып, Ийса-
ның өзлерине айтқанларын анық
тапты. 33 Олар гүррени шешип
атырғанда, оның ийелери:
– Гүррени неге шешип атырсыз-
лар? – деп сорады.
34 Олар:
– Ол Ийемизге керек, – деп жу-
ўап берди.
35 Олар гүррени Ийсаға алып кел-
ди. Оның үстине өзлериниң ша-
панларын жаўып, оған Ийсаны
миндирди. 36 Ийса баратырғанда,
адамлар жолға шапанларын төседи.
37 Ийса Зәйтүн таўынан төмен
түсетуғын жерге жақынлағанда,
Оның барлық шәкиртлериниң то-
пары өзлери көрген барлық кәра-
матлары ушын қуўанышлы түрде
бәлент даўыс пенен Қудайға мақ-
таўлар айта баслады:
38 «Жаратқан Ийениң аты
менен келетуғын Патша
жарылқанған!
Аспанда тынышлық, ең
жоқарыдағы Қудайға алғыс
болсын!»[a]
39 Халық арасында турған гей-
бир парисейлер Ийсаға:
– Устаз, шәкиртлериңе тыйым
сал, – деди.
40 Ийса оларға:
– Сизлерге айтатуғыным: егер
олар үндемей қалса, таслар бақы-
рады, – деди.
41 Ийса Ерусалимге жақынлаған-
да оны көрип жылап жиберди де:
42 – Оҳ, ҳеш болмаса усы күнинде
тынышлығыңа нелер керек екенин
билсең еди! Бирақ бул ҳәзир сениң
көзлериңнен жасырылған. 43 Душ-
панларың қалаға кириў ушын топы-
рақ үйип, сени қоршап, жән-жақтан
қысатуғын күнлер басыңа түседи.
44 Олар сени ҳәм сениң ишиңдеги
балаларыңды жер менен жексен қы-
лады. Сенде тас үстинде тас қалдыр-
майды. Өйткени сен Қудайдың саған
қутқарылыў ушын берген мүмкин-
шилигине итибар бермедиң, – деди.

---

a **19:38** Заб 117:26.

### Ийсаның Ибадатханадан сатыўшыларды қуўыўы

*(Мат 21:12-17; Мрк 11:15-19; Юхн 2:13-22)*

45 Соңынан Ийса Ибадатханаға
кирип, ол жерден сатыўшыларды
қуўып шығара баслады. 46 Оларға:
– «Мениң Үйим дуўа ететуғын
үй болады»[a], – деп Мухаддес Жа-
зыўда жазылған, ал сизлер оны
қарақшылардың уясына айлан-
дырдыңлар![b] – деди.
47 Ийса ҳәр күни Ибадатханада
тәлим беретуғын еди. Бас руў-
ханийлер, диний муғаллимлер
ҳәм халық басшылары Оны жоқ
қылыўдың жолын изледи. 48 Би-
рақ буның илажын таба алмады,
себеби пүткил халық Ийсаның
сөзлерин жан-тәни менен тың-
лайтуғын еди.

### Ийсаның бийлиги ҳаққында сораў

*(Мат 21:23-27; Мрк 11:27-33)*

20 1 Күнлердиң биринде Ийса
халыққа Ибадатханада тә-
лим берип, оларға Хош Хабарды
жәриялап турғанда, Оның қасына
бас руўханийлер ҳәм диний муғал-
лимлер ақсақаллар менен бирге
келип, 2 Оннан:
– Бизлерге айтшы, бул ислерди
қандай бийлик пенен ислеп жүр-
сең ҳәм бундай бийликти Саған
ким берди? – деп сорады.
3 Ийса жуўап қайтарып:
– Мен де сизлерден бир нәрсени
сорайын. Айтыңларшы:
4 Яқыяның шомылдырыўы ас-
паннан болды ма ямаса адамлар-
дан ба? – деди.
5 Олар өз ара ойласып:
– Егер «аспаннан» десек, Ол биз-
лерге: «Сонда неге оған исенбе-
диңлер», – деп айтар. 6 Ал егер
«адамлардан» десек, пүткил ха-
лық бизлерге тас атар, өйткени
олар Яқыяның пайғамбар екени-
не исенеди, – дести. 7 Сонлықтан
олар Ийсаға:
– Қаяқтан екенин билмеймиз, –
деп жуўап берди.
8 Сонда Ийса оларға:
– Мен де сизлерге бул ислерди
қандай бийлик пенен ислейтуғы-
нымды айтпайман, – деди.

### Жаўыз дийханлар ҳаққында тымсал

*(Мат 21:33-46; Мрк 12:1-12)*

9 Соңынан Ийса халыққа мына
тымсалды айтып берди:
– Бир адам жүзим бағын отыр-
ғызыпты ҳәм оны дийханларға
ижараға берип, өзи узақ ўақытқа
алыс жерге кетип қалыпты. 10 Те-
рим мәўсими келгенде, ол бағдың
жемисинен тийисли үлесин алыў
ушын, дийханларға өзиниң бир
хызметшисин жиберипти. Бирақ
дийханлар оны урып, қуры қол
қайтарыпты. 11 Ол басқа хызмет-
шисин жибергенде, оны да урып,
масқаралап, қуры қол қайтарыпты.
12 Үшиншисин жумсағанда, оны
да жарадар етип, қуўып жиберип-
ти. 13 Сонда жүзим бағының ийе-
си: «Не қылсам екен? Сүйикли

---

[a] **19:46** Ийш 56:7.
[b] **19:46** Ерм 7:11.

улымды жиберейин. Мүмкин, оны
ҳүрмет етер», – депти. 14 Бирақ
дийханлар оны көрип, өз ара ой-
ласып: «Бул мийрасхор-ғо. Жү-
риңлер, оны өлтирейик, сонда
мийрас мүлки бизлерге қалады», –
десипти де, 15 оны жүзим бағынан
сыртқа шығарып, өлтирипти. Ен-
ди жүзим бағының ийеси оларға
не ислейди? 16 Ол келип, сол дий-
ханларды жоқ қылады да, жүзим
бағын басқаларға береди.

Буны еситкенлер:

– Қудай сақласын! – дести.

17 Бирақ Ийса көзлерин оларға
тигип:

– Олай болса, Мухаддес Жазыў-
дағы:

«Қурылысшылардың керексиз
деп таслаған тасы,
Үйдиң мүйешиниң тийкарғы
тасы болды»[a], –

деген сөзлер нени аңлатады?

18 Сол тасқа түскен ҳәр бир адам-
ның шыл-пәршеси шығады. Тас
кимниң үстине түссе, соны жен-
шип таслайды, – деди.

19 Ийсаның бул тымсалды өзле-
рине тийгизип айтып атырғанын
түсинген диний муғаллимлер ме-
нен бас руўханийлер Оны сол ўа-
қытта-ақ қолға алыўға тырысты,
бирақ халықтан қорқты.

## Салық төлеў туўралы

*(Мат 22:15-22; Мрк 12:13-17)*

20 Олар Ийсаны дыққат пенен
аңлый баслады. Ийсаны сөзинен
тутып, Оны ҳәкимниң бийлиги-
не ҳәм ҳүкимине тапсырыў ушын,
Оған өзлерин ҳақ нийетли қылып
көрсететуғын жансызларды жибер-
ди. 21 Жансызлар Ийсадан:

– Устаз, бизлер Сениң ҳақый-
қатты айтып тәлим берип атыр-
ғаныңды билемиз. Ҳеш кимниң
бет-жүзине қарамай, Қудайдың
жолын дурыс үйретип атырсаң.
22 Айтшы, бизлердиң Рим импе-
раторына салық төлеўимиз дурыс
па ямаса надурыс па? – деп сорады.

23 Бирақ Ийса олардың ҳийлесин
түсинип, оларға:*

24 – Маған бир динар көрсетиң-
лер. Бунда кимниң сүўрети бар ҳәм
кимниң аты жазылған? – деди.

Олар:

– Рим императорының, – деп жу-
ўап берди.

25 Сонда Ийса:

– Олай болса, императордың ҳа-
қын императорға, Қудайдың ҳақын
Қудайға бериңлер, – деди.

26 Солай етип, олар Ийсаны ха-
лық алдында айтқан бирде бир
сөзинен тута алмады. Оның жу-
ўапларына таң қалысып, лал бо-
лып қалды.

## Қайта тирилиў ҳаққында сораў

*(Мат 22:23-33; Мрк 12:18-27)*

27 Қайта тирилиў жоқ деўши сад-
дукейлердиң[b] айырымлары Ийса-
ға келип, Оннан:

28 – Устаз, Муўса бизлерге, егер
биреўдиң ағасы баласыз өлип ҳа-
ялын қалдырса, иниси оның ҳая-
лын алып, өз ағасының урпағын
даўам еттириў креклигин жазып

---

a **20:17** Заб 117:22.

b **20:27** *Саддукейлер* – Ийсаның заманында яҳудийлердиң күшли диний топары.

қалдырған еди.[a] 29 Ағайинли жети
жигит бар еди. Олардың биринши-
си үйленип, баласыз өлди. 30 Екин-
шиси де, 31 үшиншиси де сол ҳаялды
алды. Ҳаялды жетеўиниң ҳәммеси
де алып, бала қалдырмай өлип кет-
ти. 32 Ең соңында ҳаялдың өзи де
қайтыс болды. 33 Ал қайта тирил-
генде ол жетеўиниң ишинде қайсы-
сының ҳаялы болады? Ол жетеўине
де ҳаял болған еди-ғо, – деп сорады.
34 Ийса жуўап берип былай деди:
– Бул дүньяның адамлары үйле-
неди ҳәм турмысқа шығады. 35 Ал
келеси дүньяға ҳәм өлимнен қайта
тирилиўге ылайықлы болғанлар
үйленбейди де, турмысқа да шық-
пайды. 36 Олар периштелер сыяқлы
болғанлықтан, енди өлмейди. Өлим-
нен қайта тирилгенликтен, Қудай-
дың балалары болады. 37 Мууса да
өлгенлердиң қайта тирилетуғы-
нын жанып турған пута ҳаққын-
да айтылған ўақыяда көрсеткен
еди. Ол сол жерде Жаратқан Ийе-
ни: «Ибрайымның Қудайы, Ысақ-
тың Қудайы, Яқыптың Қудайы»[b]
деп атаған. 38 Қудай өлилердиң емес,
ал тирилердиң Қудайы. Себеби Оған
тийисли адамлардың ҳәммеси тири.
39 Диний муғаллимлердиң гей-
биреўлери:
– Устаз, Сен дурыс айттың, – деди.
40 Оған және сораў бериўге ҳеш
кимниң батылы бармады.

### Масийх кимниң Урпағы?

*(Мат 22:41-46; Мрк 12:35-37)*

41 Ийса оларға былай деди:
– Қалайынша Масийхты Даўыт-
тың Урпағы деседи? 42 Даўыттың
өзи Забурда:
«Жаратқан Ийе Ийеме айтты:
43 „Душпанларыңды аяғыңның
астына бастырмағанымша,
Мениң оң жағымда отыр!“»[c] –
деген.
44 Солай етип, Даўыт Оны «Ийем»
деп атаған болса, Ол қалайынша
оның Урпағы болады?

### Диний муғаллимлер ҳаққында

*(Мат 23:1-36; Мрк 12:38-40; Лук 11:37-54)*

45 Пүткил халық тыңлап турған-
да, Ийса Өз шәкиртлерине:
46 – Диний муғаллимлерден сақ
болыңлар! Олар узын кийим кийип
жүргенди, базар майданларында
өзлерине сыйлап сәлем бергенди,
мәжилисханаларда сыйлы орында,
зыяпатларда төрде отырғанды жақ-
сы көреди. 47 Олар жесир ҳаяллардың
үйлерин жалмап жутып, көзге көри-
ниў ушын узақ дуўа етеди. Бундай
адамлар ең аўыр жаза алады, – деди.

### Жесир ҳаялдың садақасы

*(Мрк 12:41-44)*

21 1 Ийса нәзер салып, Иба-
датхананың садақа қуты-
сына Қудайға арналған сыйларын
салып атырған байларды көрди.
2 Ол бир ғәрип жесир ҳаялдың да
еки тийин салғанын көрип:
3 – Сизлерге ҳақыйқатын айтаман:
бул жарлы жесир ҳаял ҳәммеден көп

---

[a] **20:28** Нзм 25:5-6.
[b] **20:37** Шығ 3:6.
[c] **20:42-43** Заб 109:1.

салды. 4 Өйткени булардың ҳәмме-
си өз байлықларынан аўысқанын
салды. Ал бул ҳаял жарлы болса
да, күн көрисине керекли барлық
ақшасын салды, – деди.

### Ақырзаманның белгилери

*(Мат 24:1-14; Мрк 13:1-13)*

5 Гейбиреўлер Ибадатхананың
сулыў таслар ҳәм Қудайға арнал-
ған сыйлар менен безетилгенин
айтып турғанда, Ийса:
6 – Сизлер усы жерде көрип тур-
ғанларыңыздан тас үстинде тас
қалмай, ҳәммеси қыйратылату-
ғын күнлер келеди, – деди.
7 Олар Ийсадан:
– Устаз, булар қашан болады? Бу-
лардың болатуғынын алдын ала
қандай белги билдиреди? – деп
сорады.
8 Ийса оларға:
– Алданыўдан сақ болыңлар! Се-
беби көплер Мениң атым менен
келип: «Мен – Масийхпан» ямаса
«Ўақыт жақын» дейди. Олардың
излерине ерменңлер. 9 Урыслар ҳәм
көтерилислер ҳаққында еситкени-
ңизде, қорқпаңлар. Өйткени дәслеп
усылар болыўы тийис. Бирақ ақы-
ры дәрҳал келмейди, – деди.
10 Соңынан Ийса оларға былай
деди:
– Миллет миллетке қарсы, пат-
шалық патшалыққа қарсы көте-
риледи. 11 Күшли жер силкиниўлер,
көп жерлерде ашаршылықлар
ҳәм қырғынлар болады. Аспан-
да қорқынышлы қубылыслар ҳәм
уллы кәраматлы белгилер жүз
береди. 12 Бирақ булардың ҳәм-
месинен бурын адамлар сизлер-
ди услап алып қуўғын қылады,
мәжилисханаларға тапсырып, қа-
maққа салады. Мениң атым ушын
сизлерди патшалар менен ҳә-
кимлердиң алдына алып барады.
13 Сонда сизлерге Мен туўралы
гүўалық бериўге мүмкиншилик
туўылады. 14 Сонлықтан өзлери-
ңизди қалай қорғаўды алдын ала
ойламаўды кеўиллериңизге түйип
алыңлар. 15 Себеби Мен сизлерге
сондай шешенлик пенен даналық
беремен, сизлерге қарсы шыққан-
лардың ҳеш қайсысы да қарсы сөй-
лей де, сөзлериңизди бийкарлай
да алмай қалады. 16 Ҳәтте, ата-ана,
аға-ини, ағайин-туўған ҳәм дос-
ларыңыз да сизлерге сатқынлық
ислейди. Ал гейбиреўлериңизди
өлтиреди. 17 Мениң атым себепли,
сизлерди ҳәмме жек көреди. 18 Би-
рақ басларыңыздағы бир тал шаш
та набыт болмайды. 19 Сабырлылы-
ғыңыз бенен өз жаныңызды қут-
қарасызлар.

### Ерусалимниң қыйратылыўы

*(Мат 24:15-21; Мрк 13:14-19)*

20 – Ерусалимди әскерлердиң қор-
шап алғанын көргениңизде, оның
ўайран болатуғын ўақтының жа-
қынлағанын билиңлер. 21 Сонда
Яҳудиядағылар таўларға қашсын.
Қаланың ишиндегилер тез сырт-
қа шықсын, әтираптағылар қалаға
кирмесин. 22 Өйткени сол күнлер
Мухаддес Жазыўда айтылғанлар-
дың ҳәммеси орынланатуғын жа-
за күнлери болады. 23 Сол күнлери
жүкли ҳәм емизиўли ҳаялларға
қандай қыйын болады! Себеби
жер жүзинде үлкен апатшылық
болып, бул халық Қудайдың ғәзе-
бине ушырайды. 24 Олар қылыш

жүзинен өткерилип, барлық ел-
лерге тутқын етип алып кетиле-
ди. Басқа миллетлердиң дәўраны
тамам болмағанша, Ерусалим олар
тәрепинен аяқ асты қылынады.

### Адам Улының қайта келиўи

*(Мат 24:29-31; Мрк 13:24-27)*

25 – Қуяш, ай ҳәм жулдызларда
кәраматлы белгилер пайда бола-
ды. Жер жүзинде халықлар теңиз-
диң шуўлап толқынланғанынан
үмитсизликке түсип албырайды.
26 Адамлар дүньяға киятырған
апатшылықты күтип, қорқыўдан
ҳәлсизленеди. Өйткени аспан күш-
лери силкинеди. 27 Сонда адамлар
Адам Улының уллы қүдирет ҳәм
салтанат пенен бултта киятырға-
нын[a] көреди. 28 Бул ўақыялар бола
баслағанда турып, басларыңызды
көтериңлер. Себеби қутқарылы-
ўыңыз жақын.

### Сергек болып, дуўа етиңлер!

*(Мат 24:32-35; Мрк 13:28-31)*

29 Ийса оларға мына тымсалды
айтып берди:
– Әнжир ағашына ҳәм басқа бар-
лық тереклерге қараңлар. 30 Олар-
дың жапырақ шығара баслағанын
көргениңизде, жаздың жақынлаға-
нын өзлериңиз билесизлер. 31 Сол
сыяқлы, сизлер бул ўақыялардың
болып атырғанын көргениңизде,
Қудайдың Патшалығының жақын
екенин билиңлер.
32 Сизлерге шынын айтып
турман: бул әўлад жоқ болып
кетпесинен бурын булардың ҳәм-
меси болады. 33 Аспан менен жер
жойылады, бирақ Мениң сөзлерим
ҳеш қашан жойылмайды.
34 Сақ болыңлар! Шағал-мәслик
қылып, мәс болып, турмыс тәши-
ўишлери астында жүреклериңиз-
ди аўыр жүк баспасын. Және сол
күн сизлерге тор сыяқлы тосаттан
түспесин. 35 Өйткени сол күн пүт-
кил жер жүзинде жасаўшылардың
басына түседи. 36 Сол себептен бо-
лажақ бул ислерден қутылып, Адам
Улы алдында тура алыў ушын ҳәмме
ўақыт сергек болып, дуўа етиңлер.
37 Ийса күндиз Ибадатханада
тәлим берип, ал түнлерин болса
қаладан шығып, Зәйтүн таўын-
да өткизетуғын еди. 38 Таң атыў-
дан пүткил халық Ийсаны тыңлаў
ушын Ибадатханаға келетуғын еди.

### Яҳуданың сатқынлығы

*(Мат 26:1-5, 14-16;*
*Мрк 14:1-2, 10-11; Юхн 11:45-53)*

**22** 1 Қутқарылыў байрамы деп
аталатуғын Ашытқысыз
нан байрамы жақынлап қалған еди.
2 Бас руўханийлер ҳәм диний муғал-
лимлер халықтан қорққанлықтан,
Ийсаны жасырын түрде өлтириў-
диң жолын изледи.
3 Сонда он еки елшиниң бири –
Исқариот деп аталған Яҳуданың
ишине шайтан кирип алды. 4 Яҳуда
барып, бас руўханийлер ҳәм Иба-
датхананың бас қараўыллары ме-
нен Ийсаны оларға қалай услап
бериўди ойласты. 5 Олар қуўаны-
сып, оған ақша бериўге келисим
берди. 6 Яҳуда ўәде берип, Ийсаны
оларға халық жоқ жерде услап бе-
риў ушын қолайлы пайыт изледи.

---

a **21:27** Дан 7:13.

### Ийсаның соңғы кешеси

*(Мат 26:17-25; Мрк 14:12-21;*
*Юхн 13:21-30; 1Кор 11:23-25)*

7 Қутқарылыў байрамының қо-
зысы шалыныўы керек болған
Ашытқысыз нан байрамы жетип
келди. 8 Ийса Петр менен Юхан-
ды жиберип:
– Барыңлар, бизлер ушын Қут-
қарылыў байрамының асын таяр-
лаңлар, – деди.
9 Олар:
– Қай жерде таярлаўымызды қә-
лейсең? – деп сорады.
10 Ийса оларға былай деди:
– Қалаға киргениңизде, гүзе ме-
нен суў көтерип киятырған адам-
ға гезлесесиз. Оның изине ерип, ол
кирген үйге кириңлер 11 ҳәм үйдиң
ийесине: «Устазымыз: „Шәкирт-
лерим менен бирге байрам асын
жейтуғын бөлме қәне?“ – деп сен-
нен сорап атыр», – деңлер. 12 Ол
сизлерге төсеклер төселген жоқа-
рыдағы үлкен бөлмени көрсетеди.
Сол жерде таярлаңлар.
13 Олар барып, Ийсаның айтқан-
ларының ҳәммесин таўып, байрам
асын таярлады.
14 Аўқатланатуғын ўақыт бол-
ғанда, Ийса елшилери менен бир-
ге дастурхан әтирапына отырды.
15 Оларға:
– Азап шекпесимнен бурын бул
байрам асын сизлер менен бирге
жеўди қатты қәлеген едим. 16 Сизлер-
ге айтатуғыным: бизлер Қудайдың
Патшалығында ҳақыйқый Қутқа-
рылыў асын жемегенимизше, Мен
бул астан басқа жемеймен, – деди.
17 Соңынан Ийса қолына кесени
алып, шүкирлик етти де:
– Буны алып, өз ара бөлисип
ишиңлер. 18 Себеби Мениң сизлер-
ге айтатуғыным: Қудайдың Патша-
лығы келмегенше, Мен енди жүзим
ишимлигинен ишпеймен, – деди.
19 Соң нанды алып, Қудайға шү-
кирлик билдирди ҳәм оны сынды-
рып, оларға берди де:
– Бул – сизлер ушын берилету-
ғын Мениң денем. Мени еслеп ту-
рыў ушын буны ислеңлер, – деди.
20 Сол сыяқлы, кешки аўқаттан
соң кесени алып:
– Бул кесе – Сизлер ушын төгиле-
туғын Мениң қаным менен беки-
тилетуғын жаңа келисим.
21 Бирақ қараңлар, Мени сатату-
ғын адамның қолы Мениң қолым
менен бир дастурханда. 22 Адам
Улы Қудай алдын ала белги-
легендей баратыр. Бирақ Оған
сатқынлық қылыўшы ҳәсирет ше-
геди! – деди.
23 Шәкиртлер бир-биринен:
– Бул исти ислейтуғын қайсысы-
мыз? – деп сорай баслады.

### Ҳәммеден уллы ким?

24 Шәкиртлер арасында қайсы-
сының ең уллы болып есапланыўы
керек екени ҳаққында бир тартыс
та пайда болды. 25 Ийса оларға бы-
лай деди:
– Миллетлердиң патшалары өз ха-
лықлары үстинен үстемлик етеди,
оларға бийлик етиўшилер «халық-
тың қайырқомлары» деп аталады.
26 Бирақ сизлер бундай болмаңлар.
Керисинше, араңызда ең үлкен бол-
ған ең кишидей болсын, басшы да
хызметшидей болсын. 27 Қайсы би-
ри уллы: дастурхан басында отыр-
ған ба ямаса хызмет етип турған

ба? Дастурхан басында отырған
емес пе? Бирақ Мен сизлердиң ара-
ңызда хызметшидеймен.
28 Сынаўдан өткен ўақтымда сиз-
лер Мениң менен бирге болдыңлар.
29 Әкем Маған патшалық бийлигин
бергени сыяқлы, Мен де сизлер-
ге патшалық бийлигин беремен.
30 Солай етип, сизлер Мениң Пат-
шалығымның дастурханы әтира-
пында ишип-жейсизлер, тахтларда
отырып, Израилдың он еки уры-
ўына ҳүкимдарлық қыласызлар.

## Петрдиң Ийсадан таныўы ҳаққында

*(Мат 26:31-35; Мрк 14:27-31; Юхн 13:36-38)*

31 Ийса Петрге:
– Шимон, Шимон! Адамлардың
бийдайды кепшик пенен желпиге-
ни сыяқлы, шайтан сизлерди сынаў
ушын рухсат сораған еди. 32 Бирақ
Мен исенимиң таўысылмасын деп,
сен ушын дуўа еттим. Сен Маған
қайтып келгениңде, туўысқанла-
рыңның исенимин беккемле, – деди.
33 Шимон Ийсаға:
– Ийем! Сениң менен бирге қа-
маққа да, өлимге де барыўға та-
ярман, – деди.
34 Бирақ Ийса оған:
– Петр, саған айтатуғыным: бү-
гин қораз шақырмастан бурын сен
Мени танымайман деп, Меннен үш
рет танасаң, – деди.

## Дорба ҳәм қылыш

35 Соң Ийса шәкиртлерине:
– Мен сизлерди шыжлансыз, дор-
басыз, аяқ кийимсиз жибергенимде,
не нәрседен кемшилик көрдиң-
лер? – деди.
– Ҳеш нәрседен, – деп жуўап бер-
ди олар.
36 Сонда Ийса оларға:
– Ал енди кимниң шыжланы бол-
са, оны алып жүрсин. Және дорба-
сын да алсын. Кимниң қылышы
болмаса, кийимин сатып, қылыш
алсын. 37 Өйткени сизлерге айта-
туғыным: Мухаддес Жазыўдағы:
«Ол жынаятшыларға қосып са-
налды»[a], – деген сөз Менде әмел-
ге асыўы керек. Аўа, Мен туўралы
жазылғанлар орынланып атыр, –
деди.
38 – Ийем! Қара, бул жерде еки
қылыш бар, – деди олар.
– Сол жетеди, – деди Ийса.

## Ийсаның Зәйтүн таўында дуўа етиўи

*(Мат 26:36-46; Мрк 14:32-42)*

39 Ийса шығып, Өз әдети бойын-
ша Зәйтүн таўына кетти. Шәкирт-
лери де Оның изине ерди. 40 Сол
жерге келгенде, Ийса оларға:
– Азғырылмаўыңыз ушын дуўа
етиңлер, – деди.
41 Өзи олардан тас ылақтырым
жердей аўлағырақ барып, дизерлеп
отырды да, былай деп дуўа етти:
42 – О, Әкем, егер Сен қәлесең,
бул азап кесесин Меннен өткизип
жибер. Бирақ Мениң емес, Сениң
қәлегениң болсын. 43 Сонда аспан-
нан бир периште Ийсаға көринип,
Оған күш берди. 44 Ол азап шегип
атырып, және де күшлирек дуўа
етти. Оның тери жерге тамған қан
тамшылары сыяқлы еди.

---

[a] **22:37** Ийш 53:12.

45 Ийса дуўа етип болып, орны-
нан турды да, шәкиртлериниң қа-
сына келди. Олардың қайғыдан
шаршап, уйықлап атырғанын көр-
ди. 46 Оларға:
– Неге уйықлап атырсызлар? Ту-
рыңлар, азғырылмаўыңыз ушын
дуўа етиңлер, – деди.

### Ийсаның қолға алыныўы

*(Мат 26:47-56; Мрк 14:43-50; Юхн 18:3-11)*

47 Ийса еле сөйлеп турғанда, бир
топар адамлар пайда болды. Олар-
дың алдында он еки шәкиртиниң
бири Яҳуда киятыр еди. Ол Ийса-
ны сүйиў ушын Оған жақынласты*.
48 Ийса оған:
– Яҳуда! Сен Адам Улын сүйип
турып, Оған сатқынлық ислейсең
бе? – деди.
49 Ийсаның қасындағылар не бо-
лажағын сезип:
– Ийем, қылышты иске салайық
па? – деди.
50 Олардың биреўи бас руўха-
нийдиң қулының оң қулағын ша-
ўып таслады.
51 Бирақ Ийса:
– Тоқтатыңлар, жетер енди! – деп
қулдың қулағына қолын тийгизип,
жазып жиберди.
52 Соң Ийса Өзин услаўға келген
бас руўханийлерге, Ибадатхана-
ның бас қараўылларына ҳәм ақса-
қалларға былай деди:
– Мени услаў ушын жынаятшы-
ға қарсы шыққандай болып, қы-
лыш ҳәм шоқмар алып келдиңлер
ме? 53 Мен ҳәр күни сизлер менен
бирге Ибадатханада болғаным-
да, Маған қарсы қол көтермедиң-
лер. Бирақ енди заман сизлердики,
ҳәзир қараңғылық үстемлик ете-
туғын ўақыт.

### Петрдиң Ийсадан таныўы

*(Мат 26:57-58, 67-75; Мрк 14:53-54, 66-72; Юхн 18:12-18, 25-27)*

54 Олар Ийсаны услап, бас руўха-
нийдиң үйине алып барды. Ал Петр
узақтан ерип келди. 55 Ҳәўлиниң
ортасына от жағып, ҳәммеси бирге
отырғанда, Петр де олардың ара-
сында отырған еди. 56 Бир шоры қыз
Петрдиң оттың қасында отырғанын
көрип, оған тигилип қарады да:
– Бул адам да Онның менен бирге
еди, – деди.
57 Бирақ Петр қызға:
– Яқ, қарындасым, мен Оны та-
нымайман, – деп Ийсадан танды.
58 Бираздан кейин басқа биреў де
Петрди көрип:
– Сен де солардың бирисең, – деди.
Бирақ Петр оған:
– Яқ, аға, мен олардан емеспен, –
деди.
59 Бир саатттай өткеннен соң, та-
ғы биреў:
– Ырасында да, мына адам Онның
менен бирге болған, себеби ол га-
лилалы-ғо, – деди беккем исеним
менен.
60 Бирақ Петр оған да:
– Аға, сениң не айтып турғаның-
ды түсинбеймен, – деди.
Тап сол ўақытта, ол сөйлеп тур-
ғанда, қораз шақырды. 61 Ийемиз
бурылып, Петрге қарады. Сонда
Петр Ийемиздиң: «Бүгин қораз ша-
қырмастан бурын сен Меннен үш
рет танасаң», – деген сөзин есине
түсирди. 62 Сыртқа шығып кетип,
өкирип жылады.

### Ийсаны масқаралаў

*(Мат 26:59-66; Мрк 14:55-64; Юхн 18:19-24)*

63 Ийсаны услап турған адамлар Оны масқаралап ура баслады.
64 Оның көзлерин байлап, Оннан:
– Ўәлийлик етип айт, Сени ким урды? – деп сорады. 65 Оған және басқа да көп жаман сөзлер айтты.

### Ийса жоқарғы кеңес алдында

*(Мат 26:59-66; Мрк 14:55-64; Юхн 18:19-24)*

66 Таң атқаннан кейин, халық ақсақаллары, яғный бас руўханийлер менен диний муғаллимлер жыйналып мәсләҳәтлести де, Ийсаны өзлериниң жоқарғы кеңесине апарды. 67 Оннан:
– Бизлерге айт, Сен Масийхпысаң? – деп сорады.
Ийса оларға:
– Мен сизлерге айтсам да, исенбейсизлер. 68 Сизлерге сораў берсем
де, жуўап бермейсизлер*. 69 Бирақ
ендигиден былай, Адам Улы қүдиретли Қудайдың оң жағында отырады[a], – деди.
70 Сонда ҳәммеси:
– Демек, Сен Қудайдың Улымысаң? – деп сорады.
Ийса оларға:
– Мениң Сол екенимди өзлериңиз айтып турсыз, – деп жуўап берди.
71 Сонда олар:
– Бизлерге және қандай гүўалық керек? Өз аўзынан еситтик-ғо, – дести.

### Ийсаның Пилатқа апарылыўы

*(Мат 27:1-2, 11-14; Мрк 15:1-5; Юхн 18:28-38)*

23 1 Сонда жыйналғанлардың
ҳәммеси орынларынан турып, Ийсаны Пилатқа алып барды
да, 2 Оны былай деп айыплай баслады:
– Бизлер бул адамның халқымызды жолдан азғырып жүргенин анықладық. Ол Рим императорына салық төлеўге қарсы шығып, Өзин Масийхпан, яғный Патшаман деп атайды.
3 Пилат Ийсадан:
– Сен Яҳудийлердиң Патшасымысаң? – деп сорады.
Ийса оған:
– Сол екенимди өзиң айтып турсаң, – деп жуўап берди.
4 Пилат бас руўханийлер менен халыққа:
– Мен бул адамнан ҳеш бир айып таппай турман, – деди.
5 Бирақ олар айтқанынан қайтпай:
– Ол Галила үлкесинен баслап, ҳәтте, усы жерге дейин пүткил Яҳудияда Өз тәлиматын тарқатып, халыққа қозғалаң салып жүр, – деди.

### Ийса Ҳирод алдында

6 Пилат буны еситкенде:
– Бул адам галилалы ма? – деп сорады.
7 Ийсаның Ҳиродқа қараслы үлкеден екенин билгенде, Пилат Оны Ҳиродқа жиберди. Сол күнлери Ҳиродтың өзи де Ерусалимде еди.
8 Ҳирод Ийсаны көргенде қатты

---

a **22:69** Заб 109:1.

қуўанды. Өйткени ол туўралы көп
еситкенликтен, оны бурыннан көр-
гиси келетуғын ҳәм бир кәраматлы
белги көрсетер деп үмитленетуғын
еди. 9 Ол Ийсаға көп сораўлар бер-
ди, бирақ Ийса ҳеш жуўап бермеди.
10 Ал бас руўханийлер менен ди-
ний муғаллимлер сол жерде турып,
Ийсаны қатты айыплады. 11 Ҳирод
та өз әскерлери менен бирге оны
кемситип масқаралады да, оған
патшалық липас кийгизип, Пилат-
қа қайтарып жиберди. 12 Бул ўақы-
ядан бурын бир-бирине душпан
болып келген Ҳирод пенен Пилат
сол күни дос болып қалды.

### Өлим ҳүкими

*(Мат 27:15-26; Мрк 15:6-15;
Юхн 18:39-40; 19:1-16)*

13 Пилат бас руўханийлерди, бас-
шыларды ҳәм халықты шақыртып
алып, 14 оларға:
– Сизлер маған бул адамды ха-
лықты жолдан азғырып жүр деп,
алып келдиңлер. Мине, мен сизлер-
диң көз алдыңызда Оны тергесем
де, сизлердиң қойған айыпларыңыздың бирeўин де оннан таппа-
дым. 15 Ҳирод та ҳеш нәрсе таппай,
оны бизлерге қайтарып жиберди.
Көрип турғаныңыздай, ол өлим
жазасына ылайық ҳеш нәрсе исле-
меген. 16 Сонлықтан оны жазалап,
босатып жиберемен, – деди. [17 *]
18 Бирақ халықтың ҳәммеси бир
аўыздан:
– Бул адамды жоқ қыл! Бизлер-
ге Бараббаны босатып бер! – деп
бақырысты.
19 Барабба қалада жүз берген қоз-
ғалаңға қатнасып, адам өлтиргени
ушын қамалған еди.
20 Пилат Ийсаны босатып жи-
бермекши болып, оларға қарата
және сөйледи.
21 Бирақ олар:
– Оны атанақ ағашқа шегелет! Ше-
гелет! – деп бақырысты.
22 Пилат үшинши рет оларға:
– Ол қандай жаманлық иследи?
Мен оннан өлимге ылайықлы ҳеш
айып таппадым. Солай екен, Оны
жазалап, босатып жиберейин, – деди.
23 Бирақ олар даўысларының
барынша бақырыўды даўам етип,
Ийсаны атанақ ағашқа шегелетиў-
ди талап қылды ҳәм ақырында өз
дегенлерине еристи. 24 Солай етип,
Пилат олардың талапларын орын-
лаўға қарар етти. 25 Олардың сора-
ған адамын, қозғалаң көтергени
ҳәм адам өлтиргени ушын қамақта
отырған адамды босатып, Ийсаны
олардың еркине тапсырды.

### Ийсаның атанақ ағашқа шегелениўи

*(Мат 27:32-44; Мрк 15:21-32;
Юхн 19:17-27)*

26 Әскерлер Ийсаны алып бара-
тырғанда, аўылдан киятырған Ши-
мон деген киренели бир адамды
услап алып, оған атанақ ағашты
арқалатып, Ийсаның изинен жү-
риўге мәжбүрледи.
27 Ийсаның изине жүдә көп халық
ерип жүрди. Арасында Ол ушын зар-
лап жыласқан ҳаяллар да бар еди.
28 Ийса оларға бурылып былай деди:
– Ерусалим қызлары! Мен ушын
жыламаңлар. Бирақ өзлериңиз ҳәм
балаларыңыз ушын жылаңлар. 29 Се-
беби: «Нәсилсиз ҳаяллар, ҳеш қашан
туўмаған қурсақлар ҳәм бала емиз-
беген көкиреклер бахытлы!» – деп

айтатуғын күнлер келеди. 30 Сон-
да таўларға: «Үстимизге қулаңлар!»,
төбешиклерге: «Бизлерди жерлең-
лер!»[a] – деседи. 31 Өйткени жап-жа-
сыл ағашқа усылай ислесе, қуўраған
ағашқа не қылады екен?

32 Ийса менен бирге еки жына-
ятшыны да өлимге алып барды.
33 «Бас сүйеги» деген жерге кел-
генде, олар Ийсаны еки жынаятшы
менен бирге атанақ ағашқа шеге-
леди. Жынаятшылардың биреўи
Оның оң тәрепинде, екиншиси шеп
тәрепинде еди. 34 Ийса:

– Әке, оларды кеширe гөр! Олар не
ислеп атырғанын билмейди, – деди.

Әскерлер шек таслап, Ийсаның
кийимлерин бөлисти[b].

35 Халық сол жерде қарап тур-
ды. Ал басшылар Ийсаның үсти-
нен күлип:

– Ол басқаларды қутқарған еди-
ғо. Егер Ол Қудайдың жиберген
Масийхы, Қудайдың Таңлағаны
болса, Өзин Өзи қутқарсын, – деди.

36 Әскерлер де Оған жақынла-
сып, Оны масқаралады ҳәм сирке
суўын берип:

37 – Егер Сен Яҳудийлердиң Пат-
шасы болсаң, Өзиңди Өзиң қут-
қар, – дести.

38 Ийсаның бас бетинде: «БУЛ –
ЯҲУДИЙЛЕРДИҢ ПАТШАСЫ»
деген* жазыў бар еди.

39 Атанақ ағашқа шегеленген жы-
наятшылардың бири:

– Сен Масийх емессең бе? Қәне,
онда Өзиңди де, бизлерди де қут-
қар, – деп мазақ етти.

40 Ал екиншиси оған кейип:

– Өзиң де бирдей жазаға ҳүким
етилип турып, Қудайдан қорқпай-
саң ба? 41 Бизлер ислеримизге ыла-
йық әдил жаза алдық. Ал Ол ҳеш
қандай жаманлық қылған жоқ-
ғо, – деди. 42 Соң Ийсаға: – Ийса,
Өз Патшалығыңа киргениңде, ме-
ни есиңе ал! – деди.

43 Ийса оған:

– Саған шынын айтаман: сен бү-
гин Мениң менен бирге жәннетте
боласаң, – деди.

### Ийсаның жан тапсырыўы

*(Мат 27:45-56; Мрк 15:33-41;
Юхн 19:28-30)*

44-45 Түски саат он екилер ша-
масында күн жақтысын түсирмей,
саат үшлерге дейин пүткил жерди
қараңғылық қаплап турды. Иба-
датханадағы Мухаддесхананың
пердеси ортасынан екиге бөлинип,
жыртылып кетти. 46 Ийса бәлент
даўыс пенен бақырып:

– Әке! Руўхымды қолларыңа тап-
сыраман[c], – деди.

Усыны айтып болды да, жан тап-
сырды.

47 Болған ўақыяларды көрген
жүзбасы Қудайды алғыслап:

– Ҳақыйқаттан да, бул ҳақ адам
екен, – деди.

48 Тамашаға жыйналған пүт-
кил халық болған ўақыяларды
көрип, жүрек-баўырлары ези-
лип, излерине қайтты. 49 Бирақ
Ийсаны билгенлердиң ҳәммеси
ҳәм Галиладан Оның изине ерип

---

a **23:30** Ҳош 10:8.
b **23:34** Заб 21:19.
c **23:46** Заб 30:6.

келген ҳаяллар буларға узақтан
қарап турды.

### Ийсаның қәбирге қойылыўы

*(Мат 27:57-61; Мрк 15:42-47;*
*Юхн 19:38-42)*

**50-51** Кеңестиң қарары менен
исинде қатнаспаған, кеңес ағза-
сы болған Юсуп атлы жақсы ҳәм
ҳақ бир адам бар еди. Ол Яҳудия-
ның Ариматия қаласынан болып,
Қудайдың Патшалығын күтип жүр-
ген еди. **52** Юсуп Пилатқа барып,
Ийсаның денесин сорады. **53** Оны
атанақ ағаштан түсирип алып, зы-
ғыр кепинге орады ҳәм еле ҳеш ким
қойылмаған жартаста ойылған бир
қәбирге қойды. **54** Бул яҳудийлер-
диң таярлық күни[a] болып, Шаббат
күни кирип киятырған еди.
**55** Ийса менен бирге Галиладан
келген ҳаяллар да Юсупке ерип
барып, қәбирди ҳәм Ийсаның де-
несиниң қалай қойылғанын көрди.
**56** Олар үйлерине қайтып келип,
хош ийисли майлар ҳәм әтирлер
таярлап қойды.

Ал Шаббат күни Қудайдың буй-
рығы бойынша дем алды.

### Ийсаның қайта тирилиўи

*(Мат 28:1-10; Мрк 16:1-8;*
*Юхн 20:1-10)*

**24** **1** Екшемби күни таң сәҳәр-
де ҳаяллар* таярлап қой-
ған хош ийисли майларын алып,
қәбирге келди. **2** Олар қәбирдиң аў-
зындағы тастың домалатып алып
тасланғанын көрди. **3** Бирақ ишке
киргенде, Ийемиз Ийсаның дене-
син таба алмады. **4** Олар буған таң
қалысып турғанда, тосаттан жар-
қыраған кийим кийген еки адам
пайда болды. **5** Ҳаяллардың ҳүрей-
лери ушып, басларын жерге ийген-
де, еки адам оларға былай деди:
– Тирини өлилердиң арасынан
неге излейсизлер? **6** Ол бул жерде
жоқ, Ол қайта тирилди! Галила-
да болғанында, Оның сизлерге не
айтқанын еслериңизге түсириңлер.
**7** Ол сизлерге: «Адам Улы гүнакар
адамлардың қолына услап бериле-
ди, атанақ ағашқа шегеленеди ҳәм
үшинши күни қайта тириледи», –
деген еди. **8** Сонда олар Ийсаның
сөзлерин еслерине түсирди.
**9** Қәбирден қайтып барған ҳа-
яллар булардың ҳәммесин он бир
елшиге ҳәм басқа барлық адамлар-
ға хабарлады. **10** Бул хабарды ел-
шилерге жеткизгенлер магдалалы
Мәриям, Юханна, Яқыптың анасы
Мәриям ҳәм олар менен бирге жүр-
ген басқа ҳаяллар еди. **11** Бирақ бул
сөзлер елшилерге бос гәп болып
көринип, олар ҳаялларға исенбеди.
**12** Ал Петр орнынан турып, қәбир
тәрепке қарай жуўырып кетти. Ол
ишке үңилип қарағанда, сол жер-
де жатырған зығыр кепинди ғана
көрди. Болған ўақыяға таң қалып,
изине қайтты.

### Эммаусқа баратуғын жолда

*(Мрк 16:12-13)*

**13** Тап сол күни шәкиртлердиң
екеўи Ерусалимнен он еки шақы-
рымдай қашықлықтағы Эммаус
деп аталатуғын бир аўылға бара-
тырып, **14** болған усы ўақыялар ҳақ-
қында өз ара сөйлести. **15** Олар өз

---

a **23:54** *Таярлық күни* – жума күни.

ара сөйлесип, пикир алысып ба-
ратырғанда, Ийсаның Өзи оларға
жақынлап, қатар жүрди. 16 Бирақ
олардың көзлери байланғандай
болып, Оны танымады. 17 Ийса
олардан:
– Сизлер өз ара нелер ҳаққында
сөйлесип баратырсызлар? – деп
сорады.
Олар тунжырап тоқтап қалды.
18 Арасындағы Клеопа атлы би-
реўи Оған:
– Ерусалимде болсаң да, усы күн-
лерде сол жерде жүз берген ўақы-
ялардан ҳеш хабары жоқ, жалғыз
Сен шығарсаң, – деди.
19 Ийса олардан:
– Қандай ўақыялардан? – деп со-
рады.
Олар жуўап берип:
– Насыралы Ийса ҳаққындағы
ўақыялардан. Ол Қудайдың ҳәм
пүткил халықтың алдында исин-
де де, сөзинде де қүдиретли болған
пайғамбар еди. 20 Бас руўханийле-
римиз бенен басшыларымыз Оны
өлим жазасына ҳәм атанақ ағашқа
шегелеўге тапсырды. 21 Ал биз-
лер Оны Израилды азат етеди деп,
үмит еткен едик. Мине, бул ўақы-
ялардың болғанына бүгин үш күн
болды. 22 Буның үстине, арамыз-
дағы ҳаяллардың гейбиреўлери
бизлерди таң қалдырды. Олар ерте
таңда қәбирге барып, 23 Оның дене-
син таппай келди. Қайтып келип,
Ийсаның тири екенин билдирген
периштелерди көргенин айтып бер-
ди. 24 Және бизлердиң ишимиздеги
айырымларымыз қәбирге барып,
анық ҳаяллардың айтқанындай
екенин көрипти. Бирақ Ийсаның
Өзин көрмепти, – деди.

25 Ийса оларға былай деди:
– Ҳәй, ақылсызлар! Пайғамбар-
лардың айтқанларының ҳәммесине
шын жүректен исенбейтуғынлар!
26 Масийх усы азапларды шегип,
Өз салтанатына кириўи керек емес
пе еди?
27 Соңынан Муўсаның ҳәм
барлық пайғамбарлардың Жа-
зыўларынан баслап, Мухаддес
Жазыўлардың ҳәммесинде Өзи
ҳаққында айтылғанларды оларға
түсиндирип берди.
28 Олар өзлери баратырған аўыл-
ға жақынлағанда, Ийса Өзин
жолын даўам ететуғын қылып көр-
сетти. 29 Бирақ олар:
– Бизлер менен бирге қал, күн ба-
тыўға шамаласып, кеш болажақ, –
деп Оннан өтинди.
Солай етип, Ийса олар менен бир-
ге қалыў ушын аўылға кирди.
30 Олар менен дастурхан басын-
да отырғанда Ийса нанды алып,
Қудайға шүкирлик етти ҳәм сын-
дырып, оларға берди. 31 Сонда ға-
на олардың көзлери ашылып, Оны
таныды. Бирақ Ийса көзден ғайып
болды. 32 Олар бир-бирине:
– Ол жолда бизлер менен сөй-
лесип, Мухаддес Жазыўларды
түсиндиргенде, жүреклеримиз
қуўанышқа толмаған ба еди? –
деди.
33 Дәрриў орынларынан турып,
Ерусалимге қайтып келди. Он бир
елшини ҳәм олар менен бирге жый-
налғанларды тапты. 34 Жыйнал-
ғанлар:
– Ийемиз ҳақыйқаттан қайта тири-
лип, Шимонға көринипти, – дести.
35 Сонда еки шәкирт те жолда-
ғы ўақыяларды ҳәм Ийса нанды

сындырғанда, Оны қалай танып
қалғанын айтып берди.

### Ийсаның шәкиртлерине көриниўи

*(Мат 28:16-20; Мрк 16:14-18;
Юхн 20:19-23; Елш 1:6-8)*

36 Олар усыны айтысып турғанда,
Ийсаның Өзи олардың ортасында
пайда болып:
– Тынышлық сизлерге яр бол-
сын! – деди.
37 Бирақ шәкиртлер әрўақ көрип
турмыз деп ойлап, таң қалысып,
қатты қорқысты. 38 Ийса оларға:
– Неге ҳайран қалып турсызлар?
Неге кеўиллериңизге бундай гү-
манлы ойлар келеди? 39 Мениң қол-
ларыма ҳәм аяқларыма қараңлар.
Бул Мениң Өзиммен. Маған қол
тийгизип көриңлер. Әрўақта ет пе-
нен сүйек болмайды, бирақ көрип
турғаныңыздай, Менде бар, – деди.
40 Усыны айтып, оларға қолла-
рын ҳәм аяқларын көрсетти. 41 Ал
шәкиртлери қуўанысып ҳәм аң-
таң болып, еле исенбей турғанда,
Ийса олардан:
– Бул жерде жейтуғын бир нәрсе-
ңиз бар ма? – деп сорады.
42 Олар Оған писирилген балық-
тың бир бөлегин берди. 43 Ийса оны
алып, олардың көз алдында жеди.
44 Соңынан Ийса оларға:
– Сизлер менен бирге болға-
нымда, Мен туўралы Муўсаның
Нызамында, пайғамбарлардың
Жазыўларында ҳәм Забурда жа-
зылғанлардың ҳәммеси орынланы-
ўы тийис, деп айтқан едим, – деди.
45 Кейин Мухаддес Жазыўларды
түсиниў ушын олардың зейинле-
рин ашты 46 ҳәм даўам етип олар-
ға былай деди:
– Масийх азап шегип, үшинши кү-
ни өлимнен қайта тириледи, – деп
те жазылған. 47 – Ерусалимнен бас-
лап барлық халықларға Оның аты
менен тәўбе етсе, гүналарының ке-
ширилетуғынын жәриялаў тийис.
48 Ал сизлер булардың гүўасысыз-
лар. 49 Мине, Мен Әкемниң ўәде ет-
кенин сизлерге жиберемен. Бирақ
сизлер жоқарыдан бул қүдиретти
алғанға дейин усы қалада қалың-
лар, – деди.
50 Соңынан Ийса шәкиртлерин
қаладан сыртқа, Бетанияға дейин
апарды. Қолларын көтерип, олар-
ға пәтиясын берди. 51 Пәтиясын
берип турғанда олардан узақла-
сып, аспанға алынды. 52 Шәкиртлер
Ийсаға тәжим етип, үлкен қуўаныш
пенен Ерусалимге қайтып келди.
53 Қудайды алғыслап, ҳәмме ўа-
қыт Ибадатханада болды.

# Юхан жазған Хош Хабар

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Бул китап Жаңа Келисимдеги төрт Хош Хабардың төртиншиси. Бул Хош Хабарды елши Юхан жазған. Оның өзи китапта жазылған көп ўақыялардың гүўасы болған. Юханның бул Хош Хабарды жазғандағы мақсети адамлардың Ийсаның Қутқарыўшы Масийх екенине исениўинен ҳәм бул арқалы өмирге ерисиўинен ибарат еди (20:31).

Бул китап әзелден бар болған Сөз ҳаққында мағлыўмат пенен басланады. Илаҳий Сөз дүнья жаратылмастан алдын бар болған. Не жаратылған болса, ҳәммеси Сөз арқалы пайда болған. Қудайдың Сөзи адам болып туўылды, Ол Ийса Масийх еди. Ийса Масийх қараңғылыққа батып кеткен бул дүньяға өмир нуры болып келди. Масийхқа исенген ҳәр бир адам аспандағы Әкени танып алады ҳәм мәңги өмирге ийе болады.

Ийса Масийх адамларға Өзиниң кимлигин түсиндириў ушын ҳәр түрли сүўретлеўлерди пайдаланады. Ол Өзин «өмир наны», «өмир беретуғын тири булақ», «дүньяның нуры», «жақсы шопан», «жол, ҳақыйқат ҳәм өмир», «ҳақыйқый жүзим ағашы» ҳәм «адамларды ақыретте қайта тирилтиўши, оларға өмир бериўши» деп атайды.

Китаптың 13-17–бапларында Ийсаның Өз шәкиртлерине қылған ғамхорлығына, Устаз ҳәм шәкиртлери арасындағы мүнәсибетке итибар бериледи. Китаптың кейинги бапларында Ийсаның қолға алыныўы, азапланыўы, өлтирилиўи ҳәм тирилиўи ҳаққындағы ўақыялар орын алған (18-21–баплар). Китап Ийса тирилгеннен соң бир неше мәрте шәкиртлерине көрингени ҳаққындағы ўақыялар менен тамамланады.

## Өмир сөзи

**1** [1] Ең баста Сөз бар еди. Сөз Қудай
менен бирге еди. Сөз Қудай еди.
[2] Ең бастан-ақ Ол Қудай менен бир-
ге еди.
[3] Ҳәмме нәрсе Ол арқалы жара-
тылды. Олсыз ҳеш нәрсе жаратыл-
ған емес. [4] Онда өмир бар еди. Өмир
адамлардың нуры еди. [5] Нур қа-
раңғылықта жарқырайды, қараң-
ғылық оны жеңе алмады.
[6] Қудай тәрепинен жиберилген
Яқыя атлы бир адам бар еди. [7] Ол
нур ҳаққында гүўалық бериўге ҳәм
өзиниң гүўалығы арқалы ҳәммени
исендириўге келди. [8] Оның өзи нур
емес еди, бирақ ол нур ҳаққында
гүўалық бериўге жиберилген еди.
[9] Ҳәмме адамды жақты қылату-
ғын ҳақыйқый нур дүньяға келди.
[10] Сөз дүньяда еди. Дүнья Ол ар-
қалы жаратылған еди, бирақ дүнья
Оны танымады. [11] Өз жерине келди,
бирақ Өз халқы Оны қабыл етпеди.
[12] Бирақ Ол Өзин қабыл еткенлер-
ге, атына исенгенлердиң ҳәмме-
сине Қудайдың балалары болыў
ҳуқықын берди. [13] Олар қаннан да,
дениниң қәлеўинен де, я адамның
қәлеўинен де емес, ал Қудайдан
туўылды.
[14] Сөз адам болып арамызда жа-
сады. Бизлер Оның уллылығын,
Әкеден келген, мийримге ҳәм
ҳақыйқатқа толы болған жалғыз
Улдың уллылығын көрдик.
[15] Яқыя Ол ҳаққында бәлент даўыс
пенен гүўалық берип былай деди:
– «Мениң изимнен Келиўши мен-
нен уллы. Себеби Ол меннен бурын
бар еди», – деп айтқан Адамым –
Усы. [16] Оның толылығынан ҳәмме-
миз мийрим үстине мийрим алдық.
[17] Өйткени Мухаддес Нызам Муўса
арқалы берилген еди, бирақ мий-
рим ҳәм ҳақыйқат Ийса Масийх[a]
арқалы келди. [18] Ҳеш ким ҳеш қа-
шан Қудайды көрген емес. Бирақ
Оны Әкениң қушағындағы Өзи
Қудай болған жалғыз Ул танытты.

## Шомылдырыўшы Яқыяның ўазы

*(Мат 3:1-12; Мрк 1:1-8; Лук 3:15-17)*

[19] Яҳудий басшылары Ерусалим-
нен руўханийлер менен лебийли-
лерди[b] жиберип, Яқыядан: «Сен
кимсең?» деп сорағанда, оның гү-
ўалығы мынадай болды. [20] Ол тән
алды, танбады. «Мен Масийх емес-
пен», – деп ашық мойынлады.
[21] Олар және Яқыядан:
– Ондай болса, сен кимсең? Или-
яссаң[c] ба? – деп сорады.
– Ол емеспен, – деди Яқыя.
– Сен сол пайғамбармысаң?[d] – деп
сорады олар.
– Яқ, – деп жуўап берди ол.
[22] Сонда олар Яқыяға:

---

[a] **1:17** *Масийх* – «Басына май қуйылған адам» дегенди аңлатады. Қудай ўәде еткен Қутқарыўшы. Сөзликке қараң.

[b] **1:19** *Лебийли* – лебий урыўына тийисли адам. Олар Ибадатханада хызмет еткен. 1Жлн 23:28-32.

[c] **1:21** Мал 4:5-6.

[d] **1:21** Нзм 18:15-19.

– Кимсең, айт, бизлерди жибер-
генлерге бир жуўап берейик. Өзиң
ҳаққында не дейсең? – деди.
23 Яқыя:
– Ийшая пайғамбардың айтқа-
нындай мен: «Ийемиздиң жолын
дүзетиңлер»[a], – деп шөлде бақыр-
ған даўыспан, – деди.
24-25 Парисейлерден[b] жиберил-
генлер Яқыядан:
– Егер сен Масийх та, Илияс та, я
сол пайғамбар да болмасаң, сон-
да неге адамларды шомылдырып
жүрсең? – деп сорады.
26 Яқыя оларға былай деп жу-
ўап берди:
– Мен суў менен шомылдыраман,
бирақ араңызда сизлер танымай-
туғын Биреў турыпты. 27 Меннен
соң киятырған Адам – Усы*. Мен
Оның аяқ кийиминиң баўын ше-
шиўге де ылайықлы емеспен.
28 Булардың ҳәммеси Иордан
дәрьясының арғы жағасындағы
Бетанияда, Яқыяның шомылды-
рып жүрген жеринде болды.

## Қудайдың Қозысы

29 Ертеңине Яқыя өзине қарай
киятырған Ийсаны көргенде бы-
лай деди:
– Мине, дүньяның гүнасын Өзи-
не алатуғын Қудайдың Қозысы!
30 «Меннен кейин бир Адам кия-
тыр. Ол меннен уллы. Себеби Ол
меннен бурын бар еди», – деп айт-
қаным Усы. 31 Мениң өзим Оны
билмейтуғын едим, бирақ Изра-
илдың Оны таныўы ушын мен суў
менен шомылдырыўға[c] келдим.
32 Яқыя гүўалық берип және бы-
лай деди:
– Мухаддес Руўхтың кептер пи-
шининде аспаннан түсип, Оның
үстинде турғанын көрдим. 33 Мен
Оны билмейтуғын едим. Бирақ, ме-
ни суў менен шомылдырыў ушын
жиберген Қудай маған: «Мухаддес
Руўхтың түсип, кимниң үстинде
турғанын көрсең, Мухаддес Руўх
пенен шомылдыратуғын Сол», – де-
ген еди. 34 Мен буны көрип: «Бул –
Қудайдың Улы» деп гүўалық бердим.

## Ийсаның дәслепки шәкиртлери

35 Ертеңине Яқыя және шәкирт-
лериниң екеўи менен бирге турған
еди. 36 Ол өтип баратырған Ийса-
ны көрип:
– Мине, Қудайдың Қозысы! – деди.
37 Еки шәкирт оның бул сөзле-
рин еситип, Ийсаның изине ерди.
38 Ийса артына бурылып, изинен
киятырғанларды көргенде, олардан:
– Не излеп жүрсизлер? – деп со-
рады.
– Қай жерде жасайсаң, Рәбби? –
деди олар. Рәбби – «устаз» деген-
ди билдиреди.
39 – Келип көриңлер, – деди Ийса.
Олар барып, Ийсаның қай жерде
жасайтуғынын көрди ҳәм сол күни

---

a **1:23** Ийш 40:3.
b **1:24-25** *Парисейлер* – Ийсаның заманында яҳудий халқының күшли диний топары.
c **1:31** *Суў менен шомылдырыў* – грек тилинде «баптизо». Бул рәсим адамлардың Қудайдың алдында тәўбе етип, таза өмирди баслаўының нышаны.

Оның менен қалды. Саат төртлер
шамасында еди.
40 Яқыяның сөзлерин еситип,
Ийсаның изине ерген еки адам-
ның бири Шимон Петрдиң туўыс-
қаны Андрей еди. 41 Андрей дәслеп
өз туўысқаны Шимонды излеп та-
ўып, оған:
– Бизлер Масийхты таптық, – де-
ди. Масийх – Қудай ўәде еткен Қут-
қарыўшы.
42 Андрей оны Ийсаға алып кел-
ди. Ийса оған қарап:
– Сен Юхан улы Шимонсаң. Сен
Кифа деп аталасаң, – деди. Кифа –
бул Петрдиң басқа аты[a].
43 Келеси күни Ийса Галилаға
бармақшы болды. Филипти та-
ўып, оған:
– Изиме ер, – деди.
44 Филип те Андрей менен Петр
сыяқлы Бетсайда қаласынан еди.
45 Филип Натаниелди таўып, оған:
– Бизлер Муўса Мухаддес Нызам-
да ҳәм пайғамбарлар да өз Жазыўла-
рында жазған Адамды, Юсуптиң Улы,
насыралы Ийсаны таптық, – деди.
46 Натаниел оған:
– Насырадан жақсы нәрсе шығар
ма еди? – деди.
– Келип көр, – деди Филип.
47 Ийса Натаниелдиң Өзине жа-
қынласып киятырғанын көрип, ол
ҳаққында былай деди:
– Мине, ишинде ҳийлеси жоқ, на-
ғыз израиллы.
48 Натаниел Ийсадан:
– Мени қаяқтан таныйсаң? – деп
сорады.
– Филип сени шақырмастан бу-
рын, сени әнжир ағашының астын-
да көрдим, – деп жуўап берди Ийса.
49 Натаниел Ийсаға:
– Устаз, Сен Қудайдың Улысаң, Сен
Израилдың Патшасысаң! – деди.
50 Ийса оған:
– Сени әнжир ағашының астында
көргенимди айтқаным ушын исе-
нип атырсаң ба? Булардан да уллы
ислерди көресең! – деди.
51 Ийса және:
– Сизлерге шынын, ҳақыйқа-
тын айтаман: аспанның ашылға-
нын, Қудайдың периштелериниң
Адам Улының[b] алдына келип-ке-
тип атырғанын көресизлер, – деди.

### Ийсаның биринши кәраматы

**2** 1 Еки күн өткеннен соң, Галила-
ның Кана қаласында үйлениў
тойы болды. Ийсаның анасы сол
жерде еди. 2 Ийса менен шәкирт-
лери де тойға мирәт етилген еди.
3 Шарап таўысылғанда, Ийсаның
анасы Оған:
– Олардың шарабы таўысылды, –
деди.
4 Ийса оған:
– Апа, бул Мениң жумысым емес.
Мениң ўақтым еле келген жоқ, –
деди.
5 Ийсаның анасы хызметшилерге:
– Ол сизлерге не десе де, соны ис-
леңлер, – деди.
6 Сол жерде диний әдет бойын-
ша яхудийлер тазаланыў ушын
қолланатуғын, ҳәр қайсысының

---

a **1:42** *Кифа – бул Петрдиң басқа аты* – арамейше Кифа, грекше Петр. Екеўи де «тас» дегенди билдиреди. Мат 16:18.

b **1:51** *Адам Улы* – Ийса Масийх Өзин көбинесе усылай атады, сөзликке қараң.

сыйымлылығы еки-үш метрета[a]
алатуғын алты тас гүзе бар еди.
7 Ийса хызметшилерге:
– Гүзелерди суўға толтырыңлар, –
деди.
Олар гүзелерди аўзына дейин
толтырды.
8 Сонда Ийса хызметшилерге:
– Енди буннан алып, той басқа-
рыўшыға апарыңлар, – деди.
Олар алып барды. 9 Той басқа-
рыўшы шарапқа айланған суўды
татып көрди. Оның қаяқтан келге-
нин билмеди, тек алып келген хыз-
метшилер ғана билетуғын еди. Той
басқарыўшы күйеўди шақырып:
10 – Ҳәр бир адам алдын жақсы
шарапты, адамлар мәс болғаннан
соң пәсирегин береди. Бирақ сен
жақсы шарапты ҳәзирге дейин сақ-
лапсаң-ғо, – деди.
11 Ийса бул биринши кәраматлы
белгисин Галиланың Кана қала-
сында көрсетип, Өз уллылығын аян
етти. Шәкиртлери де Оған исенди.
12 Буннан кейин Ийса анасы, ту-
ўысқанлары ҳәм шәкиртлери ме-
нен Капарнаҳум қаласына келди
ҳәм ол жерде бир неше күн қалды.

### Ийсаның Ибадатханадан сатыўшыларды қуўыўы

*(Мат 21:12-13; Мрк 11:15-17; Лук 19:45-46)*

13 Яҳудийлердиң Қутқарылыў
байрамы[b] жақынласып қалғанда,
Ийса Ерусалимге кетти. 14 Иба-
датханада ири қара мал, қой ҳәм
кептер сатыўшыларды, сол жерде
отырған ақша алмастырыўшылар-
ды көрди. 15 Ийса арқаннан қамшы
ислеп, барлық саўдагерлерди, қой-
ларды ҳәм ири қара малларды Иба-
датханадан қуўып шығарды. Ақша
алмастырыўшылардың ақшаларын
шашып, столларын аўдарып тас-
лады. 16 Ол кептер сатыўшыларға:
– Мыналарды бул жерден жоқ
етиңлер, Әкемниң Үйин базарға
айландырмаңлар! – деди.
17 Сонда шәкиртлери: «Сениң
Үйиңе болған ықласым ишимди
жейди»[c], – деп айтылған Мухад-
дес Жазыўдағы сөзлерди еслери-
не түсирди.
18 Яҳудий басшылары Ийсадан:
– Буларды ислеўге бийлигиң бар
екенин бизлерге қандай кәрамат-
лы белги менен дәлиллей аласаң? –
деп сорады.
19 Ийса оларға жуўап берип:
– Бул Ибадатхананы бузыңлар,
Мен оны үш күнниң ишинде қай-
та тиклеймен, – деди.
20 Олар Ийсаға:
– Бул Ибадатхана қырық алты
жылда қурылған, Сен оны үш күн-
ниң ишинде тиклемекшимисең? –
деди.
21 Бирақ Ийсаның Ибадатхана
деп айтқаны Өз денеси еди. 22 Ийса
өлимнен қайта тирилгеннен соң,
шәкиртлери Оның бул сөзлерин ес-
лерине түсирип, Мухаддес Жазыў-
ға ҳәм Ийсаның бул сөзине исенди.
23 Ийса Ерусалимде, Қутқары-
лыў байрамында болғанда, көплер
Ол ислеген кәраматлы белгилерди

---

a **2:6** *Еки-үш метрета* – бир метрета шама менен 40 л.
b **2:13** *Қутқарылыў байрамы* – сөзликке қараң.
c **2:17** Заб 68:10.

көрип, Онының атына исенди. 24 Би-
рақ Ийса ҳәмме адамлардың кеўил-
лерин билгенликтен, Өзин оларға
исенбеди. 25 Оған адам ҳаққында
ҳеш кимниң гүўалығының ҳәжети
жоқ еди. Өйткени адамның кеўлин-
де не бар екенин Ол билетуғын еди.

### Ийса ҳәм Никодим

**3** 1 Парисейлер арасында яҳудий
басшыларының бири болған
Никодим атлы бир адам бар еди. 2 Ол
бир күни түнде Ийсаға келип, Оған:
– Устаз, Сениң Қудайдан келген
бир муғаллим екенинди билемиз.
Себеби ҳеш ким Қудай оның менен
бирге болмаса, Сен ислеп атырған
кәраматлы белгилерди ислей ал-
майды, – деди.
3 Ийса оған:
– Саған шынын, ҳақыйқатын ай-
таман: ким де ким қайтадан[a] ту-
ўылмаса, Қудайдың Патшалығын
көре алмайды, – деп жуўап берди.
4 Никодим Ийсадан:
– Қартайған адам қалай қайтадан
туўыла алады? Ол анасының қур-
сағына екинши мәрте кирип, қай-
тадан туўыла ала ма? – деп сорады.
5 Ийса оған жуўап берип былай
деди:
– Саған шынын, ҳақыйқатын айта-
ман: ким де ким суўдан ҳәм Мухад-
дес Руўхтан туўылмаса, Қудайдың
Патшалығына кире алмайды. 6 Де-
неден туўылған – дене, Мухаддес
Руўхтан туўылған – руўх болады.
7 Саған: «Қайтадан туўылыўың ке-
рек», – дегениме ҳайран қалма. 8 Са-
мал қәлеген жеринде еседи, оның
даўысын еситесең, бирақ қаяқтан
келип, қаяққа кететуғынын бил-
мейсең. Мухаддес Руўхтан туўыл-
ған ҳәр бир адам да усындай.
9 Никодим Ийсадан:
– Бул қалай болыўы мүмкин? –
деп сорады.
10 Ийса оған былай деп жуўап
берди:
– Сен Израилдың устазы бола ту-
ра, усыларды билмейсең бе? 11 Са-
ған шынын, ҳақыйқатын айтаман:
бизлер билгенимизди сөйлеймиз,
көргенимиз ҳаққында гүўалық
беремиз. Ал сизлер бизлердиң
гүўалығымызды қабыл етпей
атырсызлар. 12 Сизлерге жердеги
нәрселер ҳаққында айтқанымда
исенбесеңлер, аспандағы нәрселер
ҳаққында айтсам, қалай исенесиз-
лер? 13 Аспаннан келген Адам Улы-
нан басқа ҳеш ким аспанға шыққан
емес. 14 Муўсаның шөлде жыланды
жоқары көтергени сыяқлы[b], Адам
Улы да жоқары көтерилиўи тийис.
15 Сонлықтан Оған исенген ҳәр бир
адам* мәңгилик өмирге ийе болады.
16 Қудай бул дүньяны соншел-
ли сүйгенликтен, Өзиниң жалғыз
Улын берди. Оның Улына исенген
ҳәр бир адам набыт болмай, мәң-
гилик өмирге ийе болады. 17 Қудай
Улын бул дүньяны ҳүким етиў ушын
емес, ал дүньяны Ол арқалы қутқа-
рыў ушын жиберди. 18 Оған исенген
адам ҳүким етилмейди. Ал исенбе-
ген адам әлле қашан ҳүким етил-
ген, өйткени ол Қудайдың жалғыз
Улының атына исенбеди. 19 Ҳүким
мынадан ибарат: дүньяға нур келди,

---

[a] **3:3** *Қайтадан* – жоқарыдан.
[b] **3:14** Сан 21:4-9.

бирақ адамлардың ислери жаман
болғанлықтан, олар нурға қара-
ғанда қараңғылықты жақсы көрди.
20 Жаманлық ислеўши хәр бир адам
нурды жек көреди хәм ислери әшка-
ра болмаўы ушын, нурға келмейди.
21 Бирақ ҳақ ис ислеўши адам исле-
риниң Қудай алдында исленгени
көринсин деп, нурға келеди.

### Ийса ҳәм Яқыя

22 Буннан соң, Ийса шәкиртлери
менен Яҳудияға келди. Бир неше
ўақыт олар менен бирге сол жерде
қалып, адамларды шомылдырды.
23 Яқыя да Салимниң қасындағы
Айнонда шомылдырып жүрди, се-
беби ол жерде суў мол еди. Адамлар
келип, шомылдырылатуғын еди.
24 Өйткени Яқыя еле қамалмаған
еди. 25 Сонда Яқыяның шәкиртлери
менен бир яҳудий арасында диний
әдет бойынша тазаланыў ҳаққында
тартыс пайда болды. 26 Олар Яқыя-
ға келип:
– Устаз, Иордан дәрьясының ар-
ғы жағасында сениң менен бирге
болған, сен гүўалық берген Адам
бар-ғо, Сол шомылдырып жүрипти.
Ҳәмме адам Оған бармақта, – деди.
27 Яқыя былай деп жуўап берди:
– Қудайдан берилмесе, адам өзи-
не ҳеш нәрсе ала алмайды. 28 «Мен
Масийх емеспен, мен тек Оның
алдынан жиберилгенмен», – деп
айтқаныма сизлер гүўасызлар.
29 Келиншек кимге тийисли бол-
са, сол күйеў болады. Бирақ кү-
йеўди тыңлап турған досты оның
даўысын еситип, қатты қуўанады.
Мен де сондай қуўанышқа толдым.
30 Оның уллыланыўы, ал мениң пә-
сейиўим тийис.

31 Жоқарыдан келген ҳәммеден
уллы. Жерден болған жерге тийис-
ли ҳәм жердеги нәрселер ҳаққында
сөйлейди. Ал аспаннан келген ҳәм-
меден уллы. 32 Ол көргени ҳәм есит-
кени ҳаққында гүўалық береди,
бирақ гүўалығын ҳеш ким қабыл
етпейди. 33 Оның гүўалығын қабыл
еткен Қудайдың ҳақ екенин тас-
тыйықлайды. 34 Қудай тәрепинен
жиберилген Қудайдың сөзлерин
сөйлейди. Себеби Қудай Руўхын
өлшеўсиз береди. 35 Әке Өз Улын
сүйеди ҳәм ҳәмме нәрсени Оның
қолына тапсырған. 36 Улға исенген
адам мәңгилик өмирге ийе болады.
Улды тыңламаған адам өмир көр-
мейди, ал Қудайдың ғәзеби оның
үстинде қалады.

### Ийса ҳәм самариялы ҳаял

4 1-3 Парисейлер Ийсаның Яқыя-
ға қарағанда көп шәкирт арттыр-
рып, оларды шомылдырып жүргенин
еситти. Ҳақыйқатында Ийсаның Өзи
емес, ал шәкиртлери шомылдырату-
ғын еди. Ийса буны билгенде Яҳу-
диядан шығып, және Галилаға кетти.
4 Баратырып, Самария арқалы өти-
ўи керек еди. 5 Солай етип, Ол Сама-
рияның Сихар деп аталған қаласына
келди. Бул қала Яқыптың өз баласы
Юсупке берген жерине жақын еди.
6 Сол жерде Яқыптың қудығы да бар
еди. Ийса жол жүрип шаршағанлық-
тан, қудықтың қасында отырды. Са-
ат он екилер шамасында еди.
7 Сол ўақытта самариялы бир ҳа-
ял суў алыўға келди. Ийса оған:
– Маған ишиўге суў бер, – деди.
8 Ал Ийсаның шәкиртлери азық-
аўқат сатып алыў ушын қалаға кет-
кен еди.

9 Самариялы ҳаял:
– Сен яҳудийсең, ал мен самария-
лы ҳаялман. Қалай меннен суў со-
рап турсаң? – деди.
Өйткени яҳудийлер самариялы-
лар менен қарым-қатнас жасамайды.
10 Ийса ҳаялға:
– Егер сен Қудайдың сыйын ҳәм
«Маған ишиўге суў бер», – деп ай-
тып турғанның ким екенин бил-
гениңде, сениң өзиң Оннан сорар
едиң, Ол саған тири суў берер еди, –
деп жуўап берди.
11 – Мырза! Сенде суў алатуғын
ҳеш нәрсе жоқ-ғо, қудық болса те-
рең. Сен тири суўды қаяқтан ала-
саң? 12 Сен бул қудықты бизлерге
берген, өзи де, балалары да, мал-
лары да оннан суў ишкен, бабамыз
Яқыптан уллымысаң? – деди ҳаял.
13 Ийса ҳаялға былай деп жуўап
берди:
– Бул суўдан ишкен ҳәр бир адам
және шөллейди. 14 Бирақ Мен бере-
туғын суўдан ишкен ҳәр бир адам
мәңгиге шөллемейди. Керисинше,
Мен беретуғын суў оның ишинде
мәңгилик өмир беретуғын тири
булаққа айланады.
15 Ҳаял Ийсаға:
– Мырза, енди шөллемеўим ушын
ҳәм суў алыўға бул жерге келмеўим
ушын, усы суўдан маған бер, – деди.
16 – Барып, күйеўиңди бул жерге
шақырып кел, – деди Ийса.
17 Ҳаял Оған:
– Мениң күйеўим жоқ, – деп жу-
ўап берди.
– Күйеўим жоқ деп, сен дурыс айт-
тың. 18 Сениң бес күйеўиң болды.
Ҳәзир бирге жасап атырған адамың
да күйеўиң емес. Буны сен дурыс
айттың, – деди Ийса.
19 Ҳаял Оған:
– Мырза, Сениң пайғамбар екени-
ңе көзим жетип тур. 20 Ата-бабала-
рымыз бул таўда сыйынды, бирақ
сизлер: «Сыйыныўға тийисли жер
Ерусалимде», – дейсизлер, – деди.
21 Ийса оған былай деди:
– Ҳаял, Маған исен, Қудай Әкеге
бул таўда да, Ерусалимде де сыйын-
байтуғын ўақыт киятыр. 22 Сизлер
билмейтуғыныңызға сыйынасыз-
лар, ал бизлер билетуғынымызға
сыйынамыз. Себеби қутқарылыў
яҳудийлерден. 23 Бирақ, ҳақыйқый
сыйыныўшылардың Қудай Әкеге
руўх ҳәм ҳақыйқатлық пенен сы-
йынатуғын ўақты келеди. Әне, сол
ўақыт ҳәзир келди. Қудай Әке де
Өзине усылай сыйынатуғынларды
излеп атыр. 24 Қудай – Руўх, Оған
сыйынатуғынлар да руўх ҳәм ҳа-
қыйқатлық пенен сыйыныўы тийис.
25 Ҳаял Ийсаға:
– Масийхтың келетуғынын би-
лемен. Ол келгенде, бизлерге ҳәм-
месин билдиреди, – деди. Масийх
«майланған» дегенди билдиреди.
26 Ийса оған:
– Сениң менен сөйлесип турған
Мен – Солман, – деди.
27 Сол ўақытта Ийсаның шә-
киртлери келди ҳәм Оның бир ҳа-
ял менен сөйлесип турғанын көрип,
ҳайран қалысты. Бирақ олардың
ҳеш қайсысы: «Сен оннан не сорап
турсаң?» ямаса «Оның менен неге
сөйлесип турсаң?» – деп сорамады.
28 Сонда ҳаял гүзесин қалдырып,
қалаға кетти ҳәм адамларға:
29 – Келиңлер, маған ислеген ис-
леримниң ҳәммесин айтып берген
Адамды көриңлер. Ол Масийх емес
пе екен? – деди.

30 Адамлар қаладан шығып,
Ийсаға қарай жүрди.
31 Соның арасында шәкиртлери
Ийсадан өтинип:
– Устаз, аўқат же! – деди.
32 Бирақ Ийса оларға:
– Менде сизлер билмейтуғын аў-
қат бар, – деди.
33 Шәкиртлер бир-бирине:
– Мүмкин, биреў Оған аўқат әкел-
ген шығар? – дести.
34 Бирақ Ийса оларға былай деди:
– Мениң аўқатым – Мени Жибер-
генниң еркин орынлаў хәм Оның
исин тамамлаў. 35 Сизлер: «Жы-
йын-теримге еле төрт ай бар», – деп
айтпайсызлар ма? Бирақ, сизлерге
айтатуғыным: көзлериңизди ашып,
егинзарға қараңлар. Олар писип же-
тилисип, жыйын-теримге таяр тур.
36 Орақшы өз ҳақын алады хәм мәң-
гилик өмир ушын зүрәәт жыйнай-
ды. Солай етип, еккен де, орған да
бирге қуўанады. 37 «Биреўи егеди,
басқасы орады», – деген нақыл усы-
ған туўры келеди. 38 Мен сизлерди
өзлериңиз мийнет етпеген зүрәәтти
орыўға жибердим. Басқалар мий-
нет еткен еди, ал сизлер олардың
мийнетиниң зүрәәтин алдыңлар.

### Самариялылардың Ийсаға исениўи

39 «Ол маған ислеген ислеримниң
хәммесин айтып берди», – деген
ҳаялдың гүўалығы себепли, сол
қаладағы самариялылардың кө-
биси Ийсаға исенди. 40 Сонлық-
тан самариялылар Ийсаға келип,
өзлери менен қалыўды өтинди. Ол
сол жерде еки күн қалды. 41 Ийса-
ның сөзин еситип, және де көбирек
адамлар исенди.
42 Олар ҳаялға:
– Бизлер енди сениң сөзлериң се-
бепли емес, ал Оның сөзлерин өзле-
римиз еситип, Оның ҳақыйқаттан
да дүньяның Қутқарыўшысы еке-
нин билгенимиз себепли исене-
миз, – деди.

### Ийсаның патша хызметкериниң улына шыпа бериўи

*(Мат 8:5-13; Лук 7:1-10)*

43 Еки күн өткеннен соң, Ийса
сол жерден шығып, Галилаға кет-
ти. 44 Ийсаның Өзи: «Пайғамбар өз
ўатанында қәдирсиз», – деп айтқан
еди. 45 Ол Галилаға келгенде, гали-
лалылар Оны жыллы жүзлилик пе-
нен қабыл алды. Өйткени олар да
Ерусалимдеги Қутқарылыў байра-
мына барып, Ийсаның сол жерде
ислеген барлық ислерин көрген еди.
46 Ийса және Өзи суўды шарапқа
айландырған Галиланың Кана қа-
ласына келди. Сол жерде патшаның
бир хызметкери болып, оның улы
Капарнаҳумда аўырып атырған еди.
47 Ол Ийсаның Яҳудиядан Галилаға
келгенин еситип, Оған барды. Ке-
лип, өлим төсегинде жатырған улы-
на шыпа бериўди Ийсадан өтинди.
48 Ийса оған:
– Сизлер кәраматлы белгилерди
хәм таң қаларлық нәрселерди көр-
мегенше исенбейсизлер! – деди.
49 Патша хызметкери Ийсаға:
– Мырза, улым өлип қалмастан
бурын келе гөр! – деди.
50 Ийса оған:
– Бар, улың жасайды, – деди.
Ол адам Ийсаның сөзине исенип,
кетти. 51 Жолда киятырғанда оны
хызметшилери қарсы алып, оған

баласының тири қалғанын айтты. 52 Ол хызметшилеринен баласының аўҳалының саат нешеде жеңиллескенин сорағанда, олар:

– Кеше түски саат бирде ыссылығы түсти, – деди.

53 Сонда баланың әкеси бунының: «Улың жасайды», – деп Ийса айтқан ўақытта болғанын билип, оның өзи ҳәм шаңарағындағылардың ҳәммеси исенди.

54 Бул – Ийсаның Яҳудиядан Галилаға келгеннен соң ислеген екинши кәраматлы белгиси еди.

### Ҳәўиздеги ләңниң шыпа табыўы

**5** 1 Буннан соң, яҳудийлердиң бир байрамы болып, Ийса Ерусалимге кетти. 2 Ерусалимдеги Қой дәрўазасы қасында еврейше Бейтзата деп аталған бес айўанлы бир ҳәўиз бар еди. 3-4 Бул жерде соқыр, ақсақ ҳәм ләң болған жүдә көп кесел адамлар жататуғын еди*. 5 Сол жерде отыз сегиз жылдан бери кесел болған бир адам бар еди. 6 Ийса оның жатырғанын көргенде, узақ ўақыттан бери усы аўҳалда екенин билип, оннан:

– Тәўир болыўды қәлейсең бе? – деп сорады.

7 Кесел адам Оған:

– Мырза, суў қозғалғанда, мени ҳәўизге түсиретуғын ҳеш кимим жоқ. Мен бараман дегенше, басқа адам меннен бурын түсип алады, – деди.

8 Ийса оған:

– Орныңнан тур, төсегиңди ал да, жүр, – деди.

9 Ол адам сол ўақытта-ақ шыпа тапты ҳәм төсегин алып жүрип кетти. Бул Шаббат күни еди. 10 Сонлықтан яҳудий басшылары шыпа тапқан адамға:

– Бүгин Шаббат күни-ғо, төсегиңди алып жүриўге болмайды, – деди.

11 Бирақ, сол адам оларға былай деп жуўап берди:

– Маған шыпа берген Адам: «Төсегиңди ал да, жүр», – деди.

12 – Саған: «Төсегиңди ал да, жүр», – деген Адам ким? – деп сорады олар.

13 Ал шыпа тапқан адам Оның ким екенин билмейтуғын еди. Себеби Ийса сол жердеги халықтың арасында көринбей қалған еди.

14 Соңынан Ийса сол адамды Ибадатханада ушыратып қалды ҳәм оған:

– Мине, сен шыпа таптың. Саған еле де жаманырақ нәрсе болмаўы ушын, буннан былай гүна ислеме, – деди.

15 Сол адам барып, өзине шыпа берген Адамның Ийса екенин яҳудий басшыларына айтып берди.

16 Бундай ислерди Шаббат күни ислегени ушын, яҳудий басшылары Ийсаны қуўдалай* баслады. 17 Бирақ Ийса оларға былай деп жуўап берди:

– Әкем[a] усы күнге дейин мийнет етип киятыр, Мен де мийнет етип атырман.

18 Сол себепли яҳудий басшылары Оны өлтириў ушын және де көбирек ҳәрекет етти. Өйткени Ол тек Шаббат күнин бузып ғана коймай, Қудайды Әкем деп, Өзин Қудайға теңлестирген еди.

---

a **5:17** *Әкем* – Қудай.

### Қудай Улының бийлиги

19 Ийса яҳудийлерге былай деди:
– Сизлерге шынын, ҳақыйқа-
тын айтаман: Ул Әкениң қылған
ислерин көрмегенше, Өзлигинен
ҳеш нәрсе ислей алмайды. Әке не-
ни ислесе, Улы да соныислейди.
20 Себеби Әке Улын сүйеди ҳәм
ислегенлериниң ҳәммесин Оған
көрсетеди. Сизлерди ҳайран қал-
дыратуғын булардан да уллырақ
ислерди Оған көрсетеди. 21 Әке-
ниң өлилерди тирилтип, оларға
өмир бергени сыяқлы, Улы да қә-
леген адамына өмир береди. 22 Әке
ҳеш кимди ҳүким қылмайды, Ол
пүткил ҳүкимди Улына тапсырған.
23 Солай етип, ҳәмме адам Әкени
ҳүрмет еткени сыяқлы, Улды да
ҳүрмет етсин. Улды ҳүрмет етпе-
ген Оны жиберген Әкени де ҳүр-
мет етпеген болады.

24 Сизлерге шынын, ҳақыйқа-
тын айтаман: Мениң сөзлеримди
тыңлап, Мени Жибергенге исен-
ген адамда мәңгилик өмир бар. Ол
ҳүким етилмей, өлимнен өмирге
өтти. 25 Сизлерге шынын, ҳақый-
қатын айтаман: өлилердиң Қудай-
дың Улының даўысын еситетуғын
ўақты келеди ҳәм ол ҳәзир келди
де. Оның даўысын еситкенлер ти-
риледи. 26 Өйткени Әкениң Өзи
өмирдиң тийкары болғаны сыяқ-
лы, Улдың Өзине де өмирдиң тий-
кары болыўды инам етти. 27 Оған
ҳүким етиў бийлигин де берди. Се-
беби Ол – Адам Улы.

28 Буған ҳайран қалмаңлар. Қә-
бирдегилердиң ҳәммесиниң Оның
даўысын еситетуғын ўақты кия-
тыр. 29 Олар қәбирлерден шығады.
Жақсылық қылғанлар жасаў ушын,
жаманлық қылғанлар ҳүким ети-
лиў ушын қайта тириледи. 30 Мен
Өзлигимнен ҳеш нәрсе ислей ал-
майман. Қалай еситсем, солай ҳү-
ким қыламан ҳәм Мениң ҳүкимим
әдил. Өйткени Мен Өз еркимди
емес, ал Мени жиберген Әкемниң
еркин орынлайман.

31 Егер Мен Өзим туўралы Өзим
гүўалық берсем, гүўалығым ҳа-
қыйқый болмайды. 32 Бирақ Мен
туўралы гүўалық бериўши басқа
Биреў бар, Оның Мен туўралы бе-
рип атырған гүўалығының ҳақый-
қат екенин билемен.

33 Сизлер Яқыяға адамларды жи-
бердиңлер, ол ҳақыйқат ҳаққында
гүўалық берди. 34 Мен адамның гү-
ўалығына мүтәж болмасам да, бу-
ларды сизлердиң қутқарылыўыңыз
ушын айтып атырман. 35 Яқыя –
жанып, нур шашып турған шыра
еди. Сизлер оның нурында аз ўа-
қыт қуўаныўды қәледиңлер.

36 Бирақ Менде Яқыяникинен ул-
лырақ гүўалық бар. Себеби Әкем-
ниң Маған орынлаўым ушын
тапсырған ислери, усы ислеп атыр-
ған ислеримниң өзи Мени Әкемниң
жибергени ҳаққында гүўалық берип
атыр. 37 Мени жиберген Әкемниң
Өзи Мен туўралы гүўалық берип
тур. Сизлер ҳеш қашан Оның да-
ўысын да еситпегенсизлер, жүзин
де көрмегенсизлер. 38 Оның сөзлери
де сизлерде жайласпайды, өйткени
сизлер Оның Жибергенине исенбей
атырсызлар. 39 Сизлер Муқаддес
Жазыўларды изертлейсизлер, се-
беби олар арқалы мәңгилик өмирге
ийе боламыз, деп ойлайсызлар. Ал
олар Мен туўралы гүўалық береди.

40 Бирақ сизлер мәңгилик өмирге
ийе болыў ушын, Маған келиўди
қәлемейсизлер.
41 Мен адамлардан мақтаў қабыл
қылмайман. 42 Бирақ сизлерди би-
лемен, жүрегиңизде Қудайға деген
сүйиспеншилик жоқ. 43 Мен Әкем-
ниң атынан келсем де, Мени қабыл
етпей атырсызлар. Егер басқа би-
реў өз аты менен келсе, оны қабыл
етесизлер. 44 Сизлер бир-бириңиз-
ден мақтаў еситиўди жақсы көре-
сизлер, бирақ жалғыз Қудайдың
мақтаўына ерисиўге умтылмай-
сызлар. Олай болса, Маған қалай
исене аласызлар?
45 Мени Әкемниң алдында сизлер-
ди айыплайды, деп ойламаңлар. Сиз-
лерди айыплаўшы өзлериңиз үмит
ететуғын Муўса болады. 46 Муўса-
ға исенгениңизде, Маған да исенер
едиңлер. Өйткени ол Мен туўралы
жазған еди. 47 Бирақ Муўсаның Жа-
зыўларына исенбесеңлер, Мениң
сөзлериме қалай исенесизлер?

### Ийсаның бес мың адамды тойғызыўы

*(Мат 14:13-21; Мрк 6:30-44; Лук 9:10-17)*

**6** 1 Буннан соң, Ийса Галила, яғ-
ный Тиберия көлиниң арғы жа-
ғасына өтти. 2 Оның аўырыўларға
шыпа бериў арқалы ислеген кәра-
матлы белгилерин көргенликтен,
көп халық изине ерди. 3 Ийса таўға
шығып, шәкиртлери менен бирге
сол жерде отырды. 4 Яҳудийлердиң
Қутқарылыў байрамы жақынлап
қалған еди.
5 Ийса басын көтерип, Өзине қа-
рай көп халықтың киятырғанын
көрип, Филиптен:
– Бул адамларды аўқатландырыў
ушын нанды қаяқтан сатып ала-
мыз? – деп сорады.
6 Ийса бул гәпти оны сынаў ушын
айтты. Себеби Ол не ислейжақ еке-
нин Өзи билетуғын еди.
7 Филип Оған:
– Олардың ҳәр бирине аз-маз бер-
сек те, еки жүз динарлық[a] нан жет-
пейди, – деп жуўап берди.
8 Шәкиртлеринен бири, Ши-
мон Петрдиң туўысқаны Андрей
Ийсаға:
9 – Бул жерде бир балада бес ар-
па наны менен еки балық бар. Би-
рақ усыншама адам ушын булар не
болады? – деди.
10 Ийса:
– Халықты жерге отырғызыңлар, –
деди.
Ол жерде шөп көп болғанлықтан,
бес мыңға шамалас ер адам жерге
жамбаслады. 11 Сонда Ийса нанлар-
ды алып, Қудайға шүкирлик етти
де, отырғанларға үлестирип берди*.
Сол сыяқлы, оларға балықларды да
қәлегенинше бөлип берди.
12 Ҳәмме жеп тойғанда, Ийса шә-
киртлерине:
– Аўысқан бөleклерин жыйнап
алыңлар, ҳеш нәрсе зая болма-
сын, – деди.
13 Солай етип, шәкиртлер адам-
лар жеген бес арпа нанынан аўыс-
қан бөleклерди жыйнап, үлкен он
еки себет толтырды.
14 Халық Ийса ислеген кәрамат-
лы белгини көрип:

---

[a] **6:7** *Еки жүз динарлық* – бир динар жумысшының бир күнлик ис ҳақысы.

– Ҳақыйқаттан да, Бул дүньяға
келетуғын пайғамбар екен, – дести.
15 Ийса олардың келип, Өзин
патша қылыўу ушын зорлық пенен
услайжақ екенин билгенде, және
жалғыз Өзи таўға шығып кетти.

### Ийсаның суўдың үсти менен жүриўи

*(Мат 14:22-33; Мрк 6:45-520*
16 Кеш болғанда, Ийсаның шәкирт-
лери көлге барды. 17 Олар бир қайық-
қа минип, көлдиң арғы жағасындағы
Капарнаҳумға қарай жол алды. Қа-
раңғы түссе де, Ийса еле олардың
қасына келмеген еди. 18 Күшли са-
мал есип, көл толқынлана баслады.
19 Шәкиртлер бес-алты шақырымдай
жүзгеннен соң, көлдиң үсти менен
жүрип, қайыққа жақынласып кия-
тырған Ийсаны көрип, қорқып қа-
лысты. 20 Бирақ Ийса оларға:
– Бул – Мен, қорқпаңлар! – деди.
21 Сонда олар Ийсаны қайыққа
миндирмекши болды. Қайық сол
ўақытта-ақ олар баратырған жа-
ғаға келип тоқтады.
22 Ертеңине көлдиң арғы жаға-
сында қалған халық ол жерде тек
бир қайық болғанын, Ийсаның Өзи
шәкиртлери менен бирге бул қа-
йыққа минбегенин, ал тек шәкирт-
лериниң өзлери кеткенин билди.
23 Сонда Ийемиз шүкирлик етип
берген нанды халық жеген жердиң
жақынына Тибериядан бир неше
қайықлар келди. 24 Ийсаның да,
шәкиртлериниң де ол жерде жоқ
екенин көрген халық қайықларға
минди ҳәм Ийсаны излеп, Капар-
наҳумға кетти.

### Ийса – өмир наны

25 Олар Ийсаны көлдиң арғы жа-
ғасынан таўып, Оннан:
– Устаз, Сен бул жерге қашан кел-
диң? – деп сорады.
26 Ийса оларға жуўап берип:
– Сизлерге шынын, ҳақыйқатын
айтаман: сизлер Мени кәраматлы
белгилер көргениңиз ушын емес,
ал нан жеп тойғаныңыз ушын из-
леп атырсызлар. 27 Сизлер өткинши
азық ушын емес, ал мәңгилик өмир-
ге жетелейтуғын азық ушын мийнет
етиңлер. Оны сизлерге Адам Улы
береди. Өйткени Қудай Әке Оған Өз
мөрин басып, бийлик берди, – деди.
28 Олар Ийсадан:
– Қудайға унайтуғын ислерди ис-
леўимиз ушын не қылыўымыз ке-
рек? – деп сорады.
29 – Қудайға унайтуғын ис –
Оның Жибергенине исениў, – деп
жуўап берди Ийса.
30 Олар Ийсаға:
– Бизлер көрип, Саған исениўи-
миз ушын, қандай кәраматлы белги
көрсетежақсаң? Не ислейжақсаң?
31 «Жеў ушын оларға аспаннан нан
берди»[a], – деп жазылғанындай, ата-
бабаларымыз шөлде манна[b] же-
ген, – деди.
32 Ийса оларға:
– Сизлерге шынын, ҳақыйқатын
айтаман: сизлерге аспаннан нан
берген Мууса емес, ал аспаннан
ҳақыйқый нанды сизлерге берип

---

a **6:31** Шығ 16:4-5; Заб 77:24.
b **6:31** *Манна* – Израил халқы Мысырдан шығып шөлде жүргенде, Қудай аспаннан берген азық.

турған – Мениң Әкем. 33 Себеби
Қудайдың наны аспаннан келип,
дүньяға өмир береди, – деди.
34 Халық Ийсаға:
– Мырза, бизлерге бундай нан-
ды ҳәмме ўақыт берип тур, – деди.
35 Ийса оларға былай деди:
– Мен – өмир наныман. Маған
келген адам ҳеш қашан аш бол-
майды ҳәм Маған исенген адам
ҳеш қашан шөллемейди. 36 Би-
рақ Мен сизлерге: «Мени көрдиң-
лер, сонда да Маған еле исенбей
атырсызлар», – дедим. 37 Әкемниң
Маған бергенлериниң ҳәммеси
Маған келеди. Маған келгенлер-
ди ҳеш қашан қуўып шығармай-
ман. 38 Өйткени Мен Өз еркимди
емес, ал Мени Жибергенниң ер-
кин орынлаў ушын аспаннан
келдим. 39 Оның Маған берген-
лериниң ҳеш бирин жойтпаўым,
ал ақырғы күнде ҳәммесин ти-
рилтиўим – бул Мени Жиберген-
ниң ерки. 40 Әкемниң ерки – Оның
Улын көрип, Оған исенген ҳәр бир
адамның мәңгилик өмирге ийе
болыўы. Мен оны ақырғы күни
тирилтемен.
41 Сонда: «Мен аспаннан келген
нанман», – дегени ушын, яҳудий-
лер Ийсаға наразылық билдире
баслады.
42 – Бул – Юсуптиң улы Ийса емес
пе? Бизлер Оның ата-анасын таный-
мыз-ғо. Енди қалай Ол: «Аспаннан
келдим», – деп айтып отыр? – дес-
ти олар.
43 Ийса оларға былай деп жуўап
берди:
– Өз ара наразы болмаңлар. 44 Егер
Мени Жиберген Әкем алып кел-
месе, ҳеш ким Маған келе алмай-
ды, ал Маған келгенди ақырғы
күни тирилтемен. 45 Пайғамбар-
лардың Жазыўларында: «Ҳәмме-
си Қудайдан тәлим алады»[a], – деп
жазылған. Әкемнен еситип, Оннан
үйренген ҳәр бир адам Маған ке-
леди. 46 Қудайдан Келгеннен басқа
ҳеш ким Әкени көрген емес, Әкени
тек ғана Ол көрген. 47 Сизлерге шы-
нын, ҳақыйқатын айтаман: исенген
адам мәңгилик өмирге ийе. 48 Мен –
өмир наныман. 49 Ата-бабаларыңыз
шөлде манна жесе де, өлип кетти.
50 Бул жерде аспаннан келген бир
нан бар, оны жеген адам өлмей-
ди. 51 Мен – аспаннан келген тири
нанман. Егер ким де ким бул нан-
ды жесе, мәңги жасайды. Дүньяға
өмир бериў ушын, Мен беретуғын
бул нан – Өз денем.
52 Сонда яҳудийлер:
– Ол қалай бизлерге Өз денесин
жеўге бере алады? – деп өз ара тар-
тыса баслады.
53 Ийса оларға былай деди:
– Сизлерге шынын, ҳақыйқатын
айтаман: Адам Улының денесин
жеп, қанын ишпесеңлер, сизлерде
өмир болмайды. 54 Мениң денем-
ди жеп, қанымды ишкен адамда
мәңгилик өмир бар ҳәм Мен оны
ақырғы күни тирилтемен. 55 Се-
беби Мениң денем – ҳақыйқый
азық, қаным – ҳақыйқый ишим-
лик. 56 Денемди жеп, қанымды иш-
кен адам Менде жасайды, Мен онда
жасайман. 57 Мени тири Әкем жи-
бергендей ҳәм Мениң Әкем арқалы

---

a **6:45** Ийш 54:13.

жасап атырғанымдай, Мениң де-
немди жеген адам да Мен арқалы
жасайды. 58 Аспаннан түскен нан,
мине – усы. Бул нан ата-бабала-
рыңыз жеген маннаға уқсамайды.
Олар өлип кетти, ал бул нанды же-
ген адам мәңги жасайды.
59 Ийса бул сөзлерди Капарна-
ҳумдағы мәжилисханада тәлим
бергенде айтты.

### Мәңгилик өмир сөзлери

60 Шәкиртлериниң көбиси бу-
ны еситип:
– Қандай қыйын сөзлер! Буны ким
қабыллай алады? – деди.
61 Шәкиртлериниң буған наразы
болғанын билип, Ийса былай деди:
– Бул сөзлер исениўиңизге тос-
қынлық қылып атыр ма? 62 Егер
Адам Улының бурын болған же-
рине көтерилгенин көрсеңиз ше?
63 Руўх өмир береди, ал дене пай-
да келтирмейди. Сизлерге айтқан
сөзлерим руўх ҳәм өмир. 64 Бирақ
араңызда исенбейтуғынлар бар.
Өйткени Ийса кимлердиң исен-
бейтуғынын ҳәм кимниң Өзине
сатқынлық ислейтуғынын бурын-
нан-ақ билетуғын еди. 65 Ийса және:
– «Әкем жол қоймаса, ҳеш ким
Маған келе алмайды», – деп сол
себепли айтқан едим, – деди.
66 Сол ўақыттан баслап, Ийса-
ның шәкиртлериниң көбиси кетип
қалып, енди Оның менен жүрмей-
туғын болды.
67 Сонда Ийса он еки шәкиртинен:
– Сизлер де кетпекшимисиз? – деп
сорады.
68 Шимон Петр жуўап берип:
– Ийем, бизлер кимге барамыз?
Сенде мәңгилик өмир сөзлери бар.
69 Бизлер Сениң Қудайдың Мухад-
деси* екениңе исенемиз ҳәм буны
билемиз, – деди.
70 Ийса оларға:
– Сизлерди, он екини таңлап ал-
ған Өзим емес пе? Бирақ араңыз-
дағы бириңиз – шайтан, – деди.
71 Ол Шимон улы Яҳуда Исқариот
ҳаққында айтқан еди. Себеби Яҳу-
да он екиниң бири болса да, кейин
Ийсаға сатқынлық иследи.

### Ийса ҳәм Оның инилери

7 1 Соңынан Ийса Галила бойлап
жүрди, өйткени яҳудий басшы-
лары Оны өлтирмекши болғанлық-
тан, Ол Яҳудияда жүриўди қәлемеди.
2 Яҳудийлердиң Қос байрамы жа-
қынлап қалған еди. 3 Сонда Ийса-
ның инилери Оған:
– Бул жерден кетип, Яҳудияға бар.
Сениң ислеп атырған ислериңди
шәкиртлериң де көрсин. 4 Себеби
өзин ашық танытпақшы болған
адам жасырын ис ислемейди. Егер
Сен усындай ислер ислеп атыр-
ған болсаң, Өзиңди дүньяға көр-
сет, – деди.
5 Өйткени Оған, ҳәтте, инилери де
исенбейтуғын еди.
6 Ийса оларға:
– Мен ушын ылайықлы ўақыт
еле келмеди. Ал сизлер ушын ҳәр
қандай ўақыт қолайлы. 7 Дүнья
сизлерди жек көре алмайды, би-
рақ Мени жек көреди. Себеби Мен
оның ислериниң жаман екенлиги
ҳаққында гүўалық берип жүрмен.
8 Сизлер байрамға барыңлар. Мен
ҳәзирше бул байрамға бармайман,
өйткени Мениң ўақтым еле толма-
ды, – деди.

9 Ийса оларға усыларды айтып,
Галилада қалды.

### Ийса Ерусалимдеги байрамда

10 Бирақ инилери байрамға кет-
кеннен соң, Ийсаның Өзи де бар-
ды. Ашық түрде емес, ал жасырын
барды. 11 Яҳудий басшылары Ийса-
ны байрамда излеп: «Ол қаяқта?» –
деп сорады.
12 Халық арасында Ол ҳаққында
көп сыбырлы сөзлер болды. Би-
реўлер: «Ол жақсы Адам», – десе,
басқалар: «Яқ, Ол халықты жолдан
азғырып атыр», – деди. 13 Бирақ
яҳудий басшыларынан қорққан-
лықтан, ҳеш ким Ол ҳаққында
ашық сөйлей алмайтуғын еди.
14 Байрамның ярымы өткенде
Ийса Ибадатханаға кирип, тәлим
бере баслады. 15 Яҳудий басшылары:
– Бул Адам ҳеш оқымаған болса
да, усыншама билимди қаяқтан
алған? – деп таң қалысты.
16 Ийса оларға жуўап берип бы-
лай деди:
– Мениң тәлиматым Өзимди-
ки емес, ал Мени Жибергендики.
17 Ким де ким Қудайдың еркин
орынлағысы келсе, бул тәлимат-
тың Қудайдан ба ямаса Мен Өзли-
гимнен айтып атырман ба, билип
алады. 18 Өз атынан сөйлеўши
өзине уллылық излейди, ал Өзин
Жибергенниң уллылығын излеў-
ши – ҳақыйқатшыл, Онда жалған
жоқ. 19 Муўса сизлерге Мухаддес
Нызамды бермеди ме? Бирақ ҳеш
бириңиз де Мухаддес Нызамды
орынламайсызлар. Мени не ушын
өлтирмекшисизлер?
20 Халық:
– Сени жин урған ба? Ким Сени
өлтирмекши? – деди.
21 Ийса сөзин даўам етип, оларға
былай деди:
– Мен бир ис иследим, ҳәммеңиз
буған ҳайран қалып атырсызлар.
22 Муўса сизлерге сүннетти буйыр-
ғанлықтан, сизлер Шаббат күнинде
де баланы сүннет етесизлер. Бирақ
ҳақыйқатында, сүннет Муўсадан
емес, ал оннан да алдынғы ата-
бабаларыңыздан қалған[a]. 23 Муў-
саның Нызамы бузылмасын деп,
бала Шаббат күни болса да сүннет
қылынады екен, неге сизлер Маған
Шаббат күни бир адамға толық
шыпа бердиң, деп ашыўланасыз-
лар? 24 Сыртқы көриниске қарап
ҳүким етпеңлер, ал әдиллик пенен
ҳүким шығарыңлар.

### Ийса – Масийх па?

25 Сонда айырым ерусалимлилер:
– Өлтирмекши болып атырға-
ны усы Адам емес пе? 26 Мине, Ол
ашық сөйлеп тур, ал олар Оған ҳеш
нәрсе деп атырған жоқ. Мүмкин,
басшылар Оның Масийх екенин
ҳақыйқаттан да тән алған шығар?
27 Бирақ бизлер бул Адамның қаяқ-
тан келгенин билемиз. Ал Масийх
келгенде, Оның қаяқтан келгенин
ҳеш ким билмейди, – дести.
28 Сол ўақытта Ибадатханада тә-
лим берип турған Ийса бәлент да-
ўыс пенен былай деди:
– Сизлер Мени ҳәм Мениң қа-
яқтан екенимди билесизлер. Мен
Өз-Өзимнен келгеним жоқ. Ме-
ни Жиберген Ҳақ, сизлер Оны

---

a **7:22** Жар 17:9-14.

билмейсизлер. 29 Бирақ Мен Оны
билемен, себеби Мен Оннан кел-
дим, Мени Ол жиберди.
30 Сонда олар Ийсаны услаўға
тырысты, бирақ ҳеш ким Оған қол
тийгизбеди. Өйткени Оның ўақты
еле келмеген еди. 31 Ал халық ара-
сында көп адамлар Оған исенип:
– Масийх келгенде, бул Адамнан
да көбирек кәраматлы белгилер ис-
лер ме екен? – деди.
32 Парисейлер Ийса ҳаққында
халық арасындағы бул сөзлерди
еситти. Сонлықтан олар ҳәм бас
руўханийлер Ийсаны услаў ушын
сақшыларды жиберди.
33 Ийса былай деди:
– Мен сизлер менен бирге аз ўа-
қыт боламан, соңынан Мени Жи-
бергенге қайтып бараман. 34 Мени
излейсизлер, бирақ таппайсызлар.
Мен болатуғын жерге сизлер келе
алмайсызлар.
35 Сонда яҳудий басшылары өз
ара:
– Бул Адам бизлер таба алмай-
туғындай қаяққа бармақшы? Ол
греклер арасына тарқалып кеткен
яҳудийлерге барып, греклерге тә-
лим бермекши ме? 36 «Мени излей-
сизлер, бирақ таппайсызлар. Мен
болатуғын жерге сизлер келе ал-
майсызлар», – деген сөзлер нени
аңлатады екен? – дести.

### Тири суў

37 Байрамның соңғы, уллы кү-
нинде Ийса орнынан турып, бәлент
даўыс пенен былай деди:
– Ким де ким шөллесе, Маған ке-
лип ишсин. 38 Мухаддес Жазыўда
айтылғандай, Маған исенген адам-
ның ишинен тири суў дәрья бо-
лып ағады.
39 Ийса бундай деп, Өзине исене-
туғынлар алатуғын Мухаддес Руўх
ҳаққында айтқан еди. Себеби Ол еле
уллылыққа ериспегенликтен, оларға
Мухаддес Руўх еле берилмеген еди.
40 Халық арасынан айырымлар
бул сөзлерди еситип:
– Бул – ҳақыйқаттан да Пайғам-
бар, – деди.
41 Басқалары: «Бул – Масийх», –
деди.
Ал гейбиреўлери: «Яқ, Масийх
Галиладан келетуғын ба еди? 42 Му-
хаддес Жазыўда Масийх Даўыттың
урпағынан болып, Даўыттың ана
журты Бейтлеҳем аўылынан келе-
туғыны[a] жазылған емес пе?» – деди.
43 Солай етип, Ийса себепли ха-
лық арасында бөлиниў пайда бол-
ды. 44 Олардың гейбиреўлери Оны
усламақшы болды, бирақ ҳеш ким
Оған қол тийгизбеди.

### Яҳудий басшыларының Ийсаға исенбеўи

45 Сақшылар қайтып келгенде,
бас руўханийлер менен парисей-
лер олардан:
– Неге Оны алып келмедиңлер? –
деп сорады.
46 Сақшылар жуўап берип:
– Ҳеш ким ҳеш қашан бул Адам
сыяқлы сөйлеген емес, – деди.
47 Парисейлер оларға:
– Сизлер де алдандыңыз ба?
48 Басшылардан ямаса парисей-
лерден Оған исенген адам бол-
ды ма, сирә? 49 Бирақ, Мухаддес

---

a **7:42** 2Пат 7:12; Мих 5:2.

Нызамды билмейтуғын бул халық
нәлет етилген, – деди.
50 Олардың бири, бурын Ийсаға
келген Никодим атлы адам оларға:
51 – Нызамымыз бойынша, дәс-
леп адамды тыңламай турып, оның
не ислегенин билместен, ҳүким
етиўге бола ма? – деди.
52 Оған:
– Сен де Галиладансаң ба? Му-
хаддес Жазыўды жақсылап оқы,
сонда Галиладан пайғамбар шық-
пайтуғынын билесең, – деди олар.
53 Соңынан ҳәммеси үйлерине
тарқасты.

### Бузықшылықта усланған ҳаял

8 1 Ал Ийса Зәйтүн таўына кетти.
2 Таң атқанда, Ол және Ибадат-
ханаға қайтып барды. Пүткил халық
Оның қасына келди ҳәм Ийса отырып,
оларға тәлим бере баслады. 3 Сонда
диний муғаллимлер менен парисей-
лер Ийсаның алдына бузықшылық
ислеп атырғанда усланған бир ҳаялды
алып келди. Ҳаялды ортаға турғызып:
4 – Устаз! Бул ҳаял бузықшылық
ислеп атырғанда усланды. 5 Мууса
Нызамда бизлерге бундай ҳаяллар-
ды тас боран қылыўды буйырған[a].
Сен не дейсең? – деди.
6 Олар бул сөзлерди Ийсаны сы-
нап, Оны айыплайтуғын бир сыл-
таў табыў ушын айтты.
Бирақ Ийса еңкейип, бармағы
менен жерге жазып отыра берди.
7 Олар сораўларын даўам ете бер-
геннен соң, Ийса түргелип:
– Араңызда ким гүнасыз болса,
сол биринши болып ҳаялға тас ат-
сын, – деди.
8 Соңынан және еңкейип, жерге
жаза берди.
9 Олар бул сөзлерди еситкенде*,
жасы үлкенлеринен баслап, би-
рим-бирим кете баслады. Ақы-
рында жалғыз Ийса менен ортада
турған ҳаял қалды. 10 Ийса орны-
нан турып, ҳаялға:
– Ҳаял! Олар қаякта? Ҳеш ким се-
ни ҳүким етпеди ме? – деди.
11 – Ҳеш ким, Мырза! – деп жу-
ўап берди ҳаял.
Ийса оған:
– Мен де сени ҳүким етпеймен,
бар, буннан былай гүна ислеме, –
деди.

### Ийса – дүньяның нуры

12 Ийса және халыққа былай деди:
– Мен – дүньяның нурыман. Ким
де ким Маған ерсе, қараңғылық-
та жүрмейди, ал өмир нурына ийе
болады.
13 Сонда парисейлер Ийсаға:
– Сен Өзиң ҳаққында Өзиң гүўа-
лық берип атырсаң. Сениң гүўалы-
ғың ҳақыйқат емес, – деди.
14 Ийса оларға жуўап берип бы-
лай деди:
– Мен Өзим ҳаққында Өзим гү-
ўалық берсем де, гүўалығым ҳа-
қыйқат. Өйткени Мен қаяқтан
келгенимди ҳәм қаяққа кетету-
ғынымды билемен. Ал сизлер
Мениң қаяқтан келгенимди ҳәм
қаяққа кететуғынымды билмей-
сизлер. 15 Сизлер адамның ой-пи-
кири менен ҳүким етесизлер, ал

---

[a] **8:5** Леб 20:10; Нзм 22:22-24.

Мен ҳеш кимди ҳүким етпеймен.
16 Егер Мен ҳүким етсем де, Ме-
ниң ҳүкимим әдил. Себеби Мен
жалғыз емеспен. Мен ҳәм Мени
Жиберген Әкем екеўимиз бирге
ҳүким етемиз. 17 Сизлердиң Му-
ҳаддес Нызамыңызда еки адамның
гүўалығының ҳақыйқат екени[a] жа-
зылған-ғо. 18 Мен Өзим ҳаққында
Өзим гүўалық беремен ҳәм Мени
жиберген Әкем де Мен туўралы гү-
ўалық береди.
19 Сонда олар Ийсадан:
– Сениң Әкең қаякта? – деп со-
рады.
Ийса оларға:
– Сизлер Мени де, Мениң Әкемди
де билмейсизлер. Егер Мени бил-
гениңизде, Әкемди де билер едиң-
лер, – деди.
20 Ийса бул сөзлерди Ибадатха-
нада тәлим берип атырып, садақа
қутысының қасында айтты. Бирақ
ҳеш ким Оны усламады, өйткени
Оның ўақты еле келмеген еди.
21 Ийса оларға және:
– Мен кетип баратырман. Сизлер
Мени излейсизлер. Бирақ өз гү-
наларыңыз бенен өлесизлер. Мен
баратуғын жерге сизлер келе ал-
майсызлар, – деди.
22 Сонда яҳудий басшылары өз
ара:
– Ол Өзин Өзи өлтирежақ па екен?
Неге: «Мениң баратуғын жериме
сизлер келе алмайсызлар», – деп
атыр? – дести.
23 Ийса оларға былай деди:
– Сизлер төменненсиз, Мен жоқа-
рыданман. Сизлер бул дүньядан-
сыз, ал Мен бул дүньядан емеспен.
24 Сонлықтан Мен: «Сизлер өз гү-
наларыңыз бенен өлесизлер», – де-
ген едим. Егер Мениң Сол екениме
исенбесеңлер, өз гүналарыңыз бе-
нен өлесизлер.
25 Сонда олар Ийсадан:
– Сен кимсең? – деп сорады.
Ийса оларға:
– Бастан-ақ сизлерге ким туўра-
лы айтқан болсам, анық Солман.
26 Сизлер туўралы айтатуғын ҳәм
сизлерди ҳүким ететуғын көп нәр-
селерим бар. Мени Жиберген ҳа-
қыйқат ҳәм Мен Оннан не еситсем,
дүньяға соны сөйлеймен, – деди.
27 Олар Ийсаның Әке ҳаққында
айтып турғанын түсинбеди. 28 Со-
лай етип, Ийса былай деди:
– Адам Улын жоқары көтергени-
ңизде, Мениң Сол екенимди ҳәм
Өзлигимнен ҳеш нәрсе ислеме-
генимди, ал Әкемниң Маған үй-
реткенлерин айтқанымды билип
аласызлар. 29 Мени Жиберген Ме-
ниң менен бирге, Ол Мени жалғыз
қалдырмады. Өйткени Мен ҳәм-
ме ўақыт Оған унайтуғын ислер-
ди ислеймен.
30 Ийса бул сөзлерди айтқанда,
Оған көп адамлар исенди.

### Ҳақыйқат азат қылады

31 Сол ўақытта Ийса Өзине исен-
ген яҳудийлерге:
– Егер Мениң сөзлерим бойынша
жасасаңлар, ҳақыйқый шәкиртле-
рим боласызлар. 32 Сизлер ҳақый-
қатты билип аласызлар, ҳақыйқат
сизлерди азат қылады, – деди.
33 – Бизлер – Ибрайымның урпа-
ғымыз. Ҳеш қашан ҳеш кимге қул

---

[a] **8:17** Нзм 17:6; 19:15.

болмағанбыз. Неге: «Азат боласыз-
лар», – деп атырсаң? – деди олар.
34 Ийса оларға жуўап берип бы-
лай деди:
– Сизлерге шынын, ҳақыйқатын
айтаман: гүна ислейтуғын хәр бир
адам – гүнаның қулы. 35 Қул үйде
мәңги қалмайды, ул мәңги қалады.
36 Сонлықтан егер Ул сизлерди азат
қылса, ҳақыйқаттан азат боласыз-
лар. 37 Сизлердиң Ибрайымның
урпағы екениңизди билемен. Би-
рақ Мени өлтириўди қәлейсизлер,
себеби Мениң сөзим кеўлиңизден
орын алмайды. 38 Мен Әкемнен
көргенимди айтаман. Ал сизлер
әкеңизден еситкениңизди ислей-
сизлер.
39 Олар Ийсаға жуўап берип:
– Бизлердиң бабамыз Ибрайым-
ғо, – деди.
Ийса оларға:
– Егер сизлер Ибрайымның урпақ-
лары болғаныңызда, Ибрайымның
ислерин ислер едиңлер. 40 Бирақ
енди Мени, Қудайдан еситкен ҳа-
қыйқатты сизлерге айтқан Адам-
ды өлтирежақсызлар. Ибрайым
бундай исти ислемеди. 41 Сизлер
өз әкеңиздиң ислерин қылып атыр-
сызлар, – деди.
– Бизлердиң жалғыз Әкемиз бар,
Ол – Қудай. Бизлер некесиз ту-
ўылған жоқпыз, – деп жуўап бер-
ди олар.
42 Ийса оларға былай деди:
– Егер Қудай сизлердиң Әкеңиз
болғанда, Мени сүйер едиңлер. Өйт-
кени Мен Қудайдан келдим хәм
усы жердемен. Мен Өзлигимнен
келгеним жоқ, Мени Ол жиберди.
43 Неге айтқанларыма түсинбейсиз-
лер? Себеби Мениң сөзимди тыңлай
алмайсызлар. 44 Сизлер өз әкеңиз
шайтаннансыз, сизлер оның ти-
леклерин орынлаўды қәлейсизлер.
Ол бастан-ақ адам өлтириўши еди.
Ол ҳақыйқат тәрепинде турмаған,
өйткени онда ҳақыйқатлық жоқ.
Ол өтирик сөйлеген ўақытта өз тә-
биятына тән сөйлейди. Себеби ол
өтирикши хәм өтириктиң әкеси.
45 Бирақ Мен ҳақыйқатты айтып
турғанлықтан, Маған исенбей атыр-
сызлар. 46 Қайсы бириңиз Мени
гүналы деп, айыплай аласыз? Егер
ҳақыйқатты айтып турған болсам,
неге Маған исенбей атырсызлар?
47 Ким Қудайдан болса, Қудайдың
сөзлерин тыңлайды. Ал сизлер
Қудайдан болмағанлықтан тың-
ламай атырсызлар.

## Ийса хәм Ибрайым

48 Яҳудийлер Ийсаға жуўап бе-
рип:
– Сен самариялысаң хәм Сени
жин урған, деп айтқанымыз дурыс
емес пе? – деди.
49 Ийса жуўап берип былай деди:
– Мени жин урған жоқ. Бирақ Мен
Әкемди ҳүрмет қыламан, ал сиз-
лер Мени масқаралап атырсызлар.
50 Мен Өзиме уллылық излемеймен.
Уллылығымды излеўши хәм ҳүким
етиўши Биреў бар. 51 Сизлерге шы-
нын, ҳақыйқатын айтаман: ким де
ким сөзлеримди орынласа, ол ҳеш
қашан өлим көрмейди.
52 Яҳудийлер Ийсаға:
– Сени жин урғанын енди бил-
дик. Ибрайым хәм пайғамбарлар
өлип кетти. Ал Сен: «Ким де ким
Мениң сөзлеримди орынласа, ол
ҳеш қашан өлим көрмейди», – деп
атырсаң. 53 Сен бизлердиң бабамыз

Ибрайымнан уллымысаң? Ол да,
пайғамбарлар да өлип кеткен. Сен
Өзиңди ким деп санайсаң? – деди.
54 Ийса жуўап берип былай деди:
– Егер Мен Өзимди Өзим уллы-
ласам, Мениң уллылығым пуш бо-
лады. Мени уллылайтуғын, сизлер
«Қудайымыз» деп атайтуғын Ме-
ниң Әкем. 55 Сизлер Оны билмей-
сизлер, ал Мен Оны билемен. Егер
Оны билмеймен, десем, сизлер сы-
яқлы өтирикши боламан. Бирақ
Мен Оны билемен ҳәм Оның сө-
зин орынлайман. 56 Бабаңыз Иб-
райым Мениң келетуғын күнимди
көретуғынына қуўанды ҳәм көрип
шадланды.
57 Яҳудийлер Ийсаға:
– Сен еле елиў жасқа да толғаның
жоқ-ғо. Сен Ибрайымды көрдиң
бе? – деди.
58 Ийса оларға:
– Сизлерге шынын, ҳақыйқатын
айтаман: Ибрайым туўылмастан
бурын Мен бар едим, – деди.
59 Сонда олар Ийсаға ылақтырыў
ушын тас алды. Бирақ Ийса олар-
дан жасырынып, Ибадатханадан
шығып кетти*.

### Ийсаның иштен соқыр болып туўылған адамға шыпа бериўи

9 1 Ийса өтип баратырғанда, иш-
тен соқыр болып туўылған бир
адамды көрди. 2 Шәкиртлери Ийса-
дан:
– Устаз! Бул адамның соқыр бо-
лып туўылыўы кимниң гүнасы
себепли болды, өзиниң бе ямаса
ата-анасының ба? – деп сорады.
3 Ийса былай деп жуўап берди:
– Буған адамның өзиниң де, ата-
анасының да гүнасы себеп болған
жоқ. Қудайдың ислери оның өми-
ринде көриниўи ушын, ол соқыр
болып туўылды. 4 Еле күндиз екен,
Мени Жибергенниң ислерин исле-
ўимиз керек. Түн келеди, сонда ҳеш
ким ислей алмайды. 5 Мен дүньяда
екенмен, дүньяның нурыман.
6 Ийса бул сөзлерди айтып бо-
лып, жерге түкирди де, түкириктен
ылай ислеп, оны соқырдың көзле-
рине жақты 7 ҳәм оған:
– Барып, Силоам ҳәўизинде жу-
ўын, – деди.
Силоам – «Жиберилген» деген
мәнисти билдиреди. Ол барып жу-
ўынды ҳәм көзлери көретуғын бо-
лып, қайтып келди.
8 Сонда қоңсылары ҳәм бурын
оның тиленшилик етип отырға-
нын көргенлер:
– Бул – тиленшилик етип оты-
ратуғын сол адам емес пе? – деди.
9 Биреўлери: «Аўа, сол», десе, бас-
қалары: «Яқ, ол тек соған уқсай-
ды», деди. Ал оның өзи: «Мен сол
адамман», деди.
10 – Олай болса, көзлериң қалай
ашылды? – деп сорады олар.
11 Ол жуўап берип:
– Ийса деген Адам ылай ислеп, көз-
лериме жақты ҳәм маған: «Силоам
ҳәўизине барып, жуўын», – деди.
Сонда мен барып, жуўындым ҳәм
көзлерим көретуғын болды, – деди.
12 Олар:
– Ол қаяқта? – деп сорады.
– Билмеймен, – деди ол.
13 Адамлар бурын соқыр болған
адамды парисейлердиң алдына
алып барды. 14 Ийсаның ылай ис-
леп, соқырдың көзин ашқан күн

Шаббат күни еди. [15] Сонда парисейлер де оннан көзлериниң қалай көретуғын болғанын сорады. Сол адам оларға:

– Ийса мениң көзлериме ылай жақты. Мен жууўындым ҳәм енди көретуғын болдым, – деди.

[16] Сонда гейбир парисейлер:

– Бул Адам Қудайдан емес. Өйткени Шаббат күни жумыс ислеп атыр, – деди.

Бирақ басқалары:

– Гүнакар адам бундай кәраматлы белгилерди қалай ислей алады? – деди.

Солай етип, олардың арасында бөлиниў пайда болды.

[17] Олар және бурын соқыр болған сол адамнан:

– Көзлериңди ашқан сол Адам ҳаққында сен не айтасаң? – деп сорады.

– Ол пайғамбар, – деди ол.

[18] Бирақ яҳудий басшылары көзлери ашылған адамның ата-анасын шақыртпағанша, оның бурын соқыр болғанына ҳәм енди көзлериниң көретуғынына исенбеди.
[19] Олар оның ата-анасынан:

– Иштен соқыр болып туўылды, деп айтқан улыңыз усы ма? Енди ол қалай көретуғын болды? – деп сорады.

[20] Оның ата-анасы жууўап берип:

– Оның бизлердиң улымыз екенин ҳәм соқыр болып туўылғанын билемиз. [21] Бирақ, енди қалай оның көретуғын болғанын ҳәм оның көзлерин кимниң ашқанын билмеймиз. Өзинен сораң, ол ержеткен, өзи ушын өзи сөйлесин, – деди.

[22] Соқыр адамның ата-анасы яҳудий басшыларынан қорққанлықтан усылай деди. Себеби яҳудий басшылары: «Ким Ийсаның Масийх екенин тән алса, ол мәжилисханадан қуўылсын», – деп тил бириктирген еди. [23] Сонлықтан оның ата-анасы: «Ол ержеткен, өзинен сораң», – деген еди.

[24] Солай етип, парисейлер соқыр болған адамды екинши мәрте шақырып, оған:

– Ҳақыйқатын айтып, Қудайды мақта! Бизлер бул Адамның гүнакар екенин билемиз, – деди.

[25] – Ол гүнакар ма, гүнакар емес пе, билмеймен. Мен тек бир нәрсени билемен: соқыр едим, енди көретуғын болдым, – деп жууўап берди ол.

[26] Олар және оннан:

– Ол саған не иследи? Көзлериңди қалай ашты? – деп сорады.

[27] – Мен сизлерге жаңа ғана айттым-ғо, бирақ сизлер тыңламадыңлар. Және не еситпекшисизлер? Сизлер де Оның шәкиртлери болыўды қәлейсизлер ме? – деп жууўап берди ол.

[28] Сонда яҳудийлер оған жекиринип:

– Сен Оның шәкиртисең! Ал бизлер Муўсаның шәкиртлеримиз! [29] Қудайдың Муўса менен сөйлескенин билемиз. Бирақ бул Адамның қаяқтан келгенин билмеймиз, – деди.

[30] Көзи ашылған адам оларға:

– Таң қаларлығы сол-дә! Сизлер Оның қаяқтан келгенин билмейсизлер, бирақ Ол мениң көзлеримди ашты. [31] Бизлер Қудайдың гүнакарларды тыңламайтуғынын билемиз. Бирақ ким де ким Қудайды сыйлап, Оның еркин орынласа,

соны тыңлайды. 32 Дүнья бар бол-
ғалы, иштен соқыр болып туўылған
адамның көзин биреўдиң ашыўы –
ҳеш еситилмеген гәп. 33 Егер бул
Адам Қудайдан болмағанда, ҳеш
нәрсе ислей алмас еди, – деди.
34 Яҳудийлер оған жуўап берип:
– Өзиң пүткиллей гүнаға батып ту-
ўылғансаң, сен бе бизлерди үйрете-
туғын? – деп, оны қуўып шығарды.

## Руўхый соқырлық

35 Парисейлердиң оны қуўып шы-
ғарғанын еситкен Ийса оны таўып:
– Сен Адам Улына* исенесең бе? –
деп оннан сорады.
36 Ол жуўап берип:
– Мырза, Ол ким? Маған айт, мен
де Оған исенейин, – деди.
37 Ийса оған:
– Сен Оны көрдиң. Мине, сениң
менен сөйлесип турған – Оның
Өзи, – деди.
38 Сонда ол:
– Ийем, исенемен, – деп, Ийсаға
сыйынды.
39 Ийса:
– Соқырлар көрсин, көретуғынлар
соқыр болсын деп, Мен бул дүнья-
ны ҳүким етиўге келдим, – деди.
40 Ийсаның қасында болған айы-
рым парисейлер бул сөзлерди еси-
тип, Оған:
– Не, бизлер де соқырмыз ба? –
деди.
41 Ийса оларға:
– Егер сизлер соқыр болғаны-
ңызда, гүнаңыз болмас еди. Бирақ:
«Көзлеримиз көреди» дегениңиз
ушын, гүнаңыз мойныңызда қа-
лады, – деди.

## Ийса – жақсы шопан

10 1 – Сизлерге шынын, ҳа-
қыйқатын айтаман: ким
қой қораға қапыдан кирмей, бас-
қа жерден асырылып түссе, ол –
уры ҳәм басқыншы. 2 Ал қапыдан
кирген адам қойлардың шопаны.
3 Қараўыл оған қапыны ашып бе-
реди. Қойлар шопанның даўысы-
на қулақ салады, ол өз қойларын
атпа-ат шақырып, оларды сыртқа
алып шығады. 4 Ол өз қойлары-
ның ҳәммесин сыртқа шығарған-
нан соң, олардың алдында жүреди.
Қойлар да оның изине ереди, өйт-
кени олар шопанның даўысын та-
ныйды. 5 Олар жат адамның изине
ермейди, ал оннан қашып кетеди.
Себеби жат адамның даўысын та-
нымайды.
6 Ийса оларға усы тымсалды ай-
тып берди. Бирақ олар Ийсаның
не айтпақшы болғанын түсинбеди.
7 Сонлықтан Ийса және былай
деди:
– Сизлерге шынын, ҳақыйқатын
айтаман: Мен қойлар ушын қапы-
ман. 8 Меннен бурын келгенлердиң
ҳәммеси урылар ҳәм басқыншылар
еди, қойлар оларға қулақ аспады.
9 Мен – қапыман. Ким де ким Мен
арқалы кирсе, қутқарылады. Ол
киреди, шығады ҳәм жайлаў таба-
ды. 10 Уры тек урлаў, өлтириў ҳәм
набыт қылыў ушын келеди. Би-
рақ Мен олар өмирге ийе болыўы
ушын, дәўлетли өмирге ийе болы-
ўы ушын келдим.
11 Мен – жақсы шопанман. Жақ-
сы шопан қойлары ушын жанын
береди. 12 Ал жалланған адам қой-
лардың шопаны ҳәм ийеси емес.

Сонлықтан ол қасқырдың киятыр-
ғанын көрсе, қойларды таслап қа-
шып кетеди. Ал қасқыр қойларға
шабыўыл жасап, тарқатып жибере-
ди. 13 Өйткени ол жалланған адам
болғанлықтан, қойларды қайғыр-
май қашып кетеди.
14-15 Мен – жақсы шопанман.
Әкемниң Мени билетуғыны ҳәм
Мениң Әкемди билетуғыным сы-
яқлы, Мен де қойларымды биле-
мен, олар да Мени биледи. Мен
қойларым ушын жанымды бере-
мен. 16 Мениң бул қорадан болма-
ған басқа да қойларым бар. Оларды
да алып келиўим тийис. Олар Ме-
ниң даўысымды еситеди, сонда
бир шопаны бар бир сүриў бола-
ды. 17 Мен жанымды қайтып алыў
ушын беремен. Сонлықтан Әкем
Мени сүйеди. 18 Жанымды Меннен
ҳеш ким тартып ала алмайды. Би-
рақ Мен оны Өзим беремен. Мен-
де оны бериўге де, қайтып алыўға
да бийлик бар. Бул буйрықты Мен
Әкемнен алдым.
19 Усы сөзлер себепли, яҳудийлер
арасында және бөлиниў пайда бол-
ды. 20 Олардың көбиси:
– Оны жин урған, Оның еси ду-
рыс емес. Неге Оны тыңлап тур-
сызлар? – деди.
21 Ал басқалары:
– Бул жинли адамның сөзлери
емес. Жин соқырдың көзлерин аша
ала ма? – деди.

## Басшылардың Ийсадан бас тартыўы

22 Сол ўақытта Ерусалимде Иба-
датхананы бағышлаў байрамы[a]
болды. Қыс еди. 23 Ийса Ибадат-
ханада, Сулайманның айўанында
жүрген еди. 24 Яҳудий басшылары
Оның әтирапына жыйналып:
– Қашанға дейин бизлерди тү-
синбеўшиликке саласаң? Егер Сен
Масийх болсаң, бизлерге ашығын
айт, – деди.
25 Ийса оларға жуўап берип бы-
лай деди:
– Мен сизлерге айттым, би-
рақ сизлер исенбей атырсызлар.
Әкемниң аты менен қылған исле-
рим Мен туўралы гүўалық берип
атыр. 26 Бирақ та, сизлер исенбей
атырсызлар. Себеби сизлер Ме-
ниң қойларым емессизлер. 27 Ме-
ниң қойларым даўысыма қулақ
асады. Мен оларды билемен, олар
Мениң изиме ереди. 28 Мен оларға
мәңгилик өмир беремен ҳәм олар
ҳеш қашан набыт болмайды. Ҳеш
ким оларды Мениң қолымнан тар-
тып ала алмайды. 29 Оларды Ма-
ған берген Әкем – ҳәммеден уллы.
Әкемниң қолынан оларды ҳеш ким
тартып ала алмайды. 30 Мен ҳәм
Әкем бирмиз.
31 Сонда яҳудий басшылары Оны
тас боран қылыў ушын, жерден жә-
не тас алды. 32 Ийса олардан:
– Мен сизлерге Әкем тапсырған
көп жақсы ислерди көрсеттим.
Олардың қайсы бири ушын, Ме-
ни тас боран қылмақшысыз? – деп
сорады.

---

a **10:22** *Ибадатхананы бағышлаў байрамы* – б. э. ш. 164 жылғы Қудайдың үйи-
ниң жаңадан бағышланыўын еске алыў байрамы.

33 Яҳудий басшылары Ийсаға жу-
ўап берип:
– Сени жақсы ислериң ушын емес,
ал Қудайға тил тийгизгениң ушын,
тас боран қылмақшымыз. Сен адам
бола тура, Өзиңди «Қудайман», –
деп атырсаң, – деди.
34 Ийса оларға былай деди:
– «Мен: сизлер қудайларсыз, де-
дим»[a], – деп Мухаддес Нызамы-
ңызда жазылған емес пе? 35 Қудай
Өз сөзин жиберген адамларды қу-
дайлар деп атаған. Мухаддес Жа-
зыўды бийкарлаўға болмайды.
36 Әке Мени Өзине ажыратып
алып, дүньяға жиберди. Солай екен,
«Қудайдың Улыман», – дегеним
ушын, неге Маған «Қудайға тил
тийгизип атырсаң», – дейсизлер?
37 Егер Әкемниң ислерин қылмай
атырған болсам, Маған исенбең-
лер. 38 Бирақ Оның ислерин қылып
атырған болсам, Маған исенбесең-
лер де, қылған ислериме исениң-
лер. Сонда Әкениң Менде, Мениң
Әкеде екенимди түсинип, билип
аласызлар.
39 Сол ўақытта олар Ийсаны ус-
лап алыўға және ҳәрекет қылды,
бирақ Ийса олардың қолларынан
қутылып қалды.
40 Ийса және Иордан дәрьясының
арғы жағасына, бурын Яқыяның
адамларды шомылдырып жүрген
жерине барып, сол жерде қалды.
41 Оған көп адамлар келип:
– Яқыя ҳеш қандай кәраматлы
белги ислемеген еди. Бирақ оның
бул Адам ҳаққында айтқанла-
рының ҳәммеси дурыс шықты, –
деди.
42 Сол жерде көп адамлар Ийса-
ға исенди.

### Лазардың өлими

11 1-2 Бетания деген аўылда Ла-
зар атлы бир адам аўырып
атырған еди. Оның қарындаслары
Мәриям менен Марта да сол аўыл-
да жасайтуғын еди. Кейинирек
Ийемизге әтир май қуйып, Оның
аяқларын шашы менен сүртету-
ғын ҳаял, усы Мәриям еди. 3 Апа-
лы-сиңлили Ийсаға: «Ийем, Сениң
жақсы көретуғын адамың аўырып
атыр», – деп хабар жиберди.
4 Ийса буны еситип:
– Бул аўырыўдың изи өлим менен
жуўмақланбайды, ал Қудайдың ул-
лыланыўы ушын болады. Солай
етип, бул арқалы Қудайдың Улы
да уллыланады, – деди.
5 Ийса Мартаны, оның сиңли-
син ҳәм Лазарды сүйетуғын еди.
6 Ийса Лазардың аўырып атырға-
нын еситсе де, Өзи болып атырған
жерде және еки күн қалды.
7 Соңынан шәкиртлерине:
– Және Яҳудияға барайық, – деди.
8 Шәкиртлери Оған:
– Устаз, яҳудийлер Сени жақын-
да ғана тас боран қылмақшы еди-
ғо. Сен және сол жерге баражақсаң
ба? – деди.
9 Ийса жуўап берип:
– Күндиз он еки саат бар емес
пе? Күндиз жүрген адам сүрни-
гип жығылмайды, өйткени ол бул
дүньяның нурын көреди. 10 Ал түн-
де жүриўши сүрнигип жығылады,
себеби онда нур жоқ, – деди.

---

a **10:34** Заб 81:6.

11 Ийса бул сөзлерди айтқаннан
соң, оларға және былай деди:
– Достымыз Лазар уйықлап қал-
ды. Бирақ Мен оны оятыў ушын
кетип баратырман.
12 – Ийем, уйықлап қалған болса,
тәўир болады, – деди шәкиртлери.
13 Ийса Лазардың өлимин нәзер-
де тутқан еди. Бирақ олар Ийса қә-
димги уйқы ҳаққында айтты, деп
ойлады.
14 Сонда Ийса оларға ашық ай-
тып:
– Лазар өлди. 15 Сизлердиң исе-
ниўиңиз ушын, Мениң сол жерде
болмағаныма сизлер ушын қуўа-
нышлыман. Ал енди оған бара-
йық, – деди.
16 Сонда Егиз деп аталған Томас
шәкиртлерге:
– Жүриңлер кеттик, бизлер де
Оның менен бирге өлемиз, – деди.

## Ийса – қайта тирилиў ҳәм өмир

17 Ийса Бетанияға жақынлаған-
да, Лазардың қәбирге қойылғанына
төрт күн болғанын билди. 18 Бетания
Ерусалимге жақын, үш шақырымдай
жерде болғанлықтан, 19 көп яҳудий-
лер Марта менен Мәриямға әжағасы-
ның өлими себепли кеўил айтыўға
келди. 20 Марта Ийсаның киятыр-
ғанын еситип, Оны қарсы алыўға
шықты. Ал Мәриям үйде қалды.
21 Марта Ийсаға:
– Ийем! Егер Сен усы жерде болға-
нында, әжағам өлмес еди. 22 Бирақ
ҳәзир де Сен Қудайдан не сорасаң
да, Қудайдың Саған беретуғынын
билемен, – деди.
23 Ийса оған:
– Сениң әжағаң тириледи, – деди.
24 – Ақыреттеги қайта тирилиў-
де оның да қайта тирилетуғынын
билемен, – деди Марта.
25 Ийса оған:
– Мен қайта тирилиў ҳәм өмирмен.
Маған исенген адам өлсе де, жасай-
ды. 26 Маған исенип жасап атырған
ҳәр бир адам ҳеш қашан өлмейди.
Усыған исенесең бе? – деди.
27 Марта Оған:
– Аўа, Ийем. Сениң дүньяға ке-
летуғын Масийх, Қудайдың Улы
екениңе исенемен, – деди.
28 Марта усыны айтып болып ке-
тип қалды ҳәм Мәриямды шақы-
рып алып:
– Устаз усы жерде, сени шақырып
атыр, – деп оған сыбырлады.
29 Мәриям буны еситиўден тез ор-
нынан турды да, Ийсаның жанына
кетти. 30 Ийса еле аўылға кирмеген
болып, Ол Марта менен ушырасқан
жерде еди. 31 Мәриям менен бирге
үйде болған ҳәм оған кеўил айтып
отырған яҳудийлер оның асығыс-
лық пенен орнынан турып, сыртқа
шыққанын көрди. Олар оны жы-
лаў ушын қәбирге кетти деп ойлап,
изине ерди.
32 Мәриям Ийса турған жерге
келгенде, Оны көрип, аяқларына
жығылды да:
– Ийем! Егер Сен усы жерде бол-
ғанында, әжағам өлмес еди, – деди.
33 Мәриямның ҳәм оның менен
келген яҳудийлердиң жылағанын
көргенде, Ийса руўхый қыйналып,
жаны ашыды.
34 – Оны қай жерге қойдыңлар? –
деп сорады.
– Ийем, келип көр, – деди олар.
35 Ийса көзине жас алды.
36 Сонда яҳудийлер:

– Қараңлар, оны қаншелли сүйер
екен! – деди.
37 Бирақ олардың айырымлары:
– Соқырдың көзлерин ашқан бул
Адам Лазарды өлимнен аман алып
қала алмас па еди? – деди.

### Ийсаның Лазарды тирилтиўи

38 Ийса және ишинен терең қай-
ғырып, қәбирге барды. Қәбир бир
үңгирде болып, оның аўзы тас пе-
нен жабылған еди. 39 Ийса:
– Тасты алып қойыңлар, – деди.
Марҳумның қарындасы Марта
Ийсаға:
– Ийем! Ол ийисленип кеткен шы-
ғар. Өйткени оның қәбирге қойыл-
ғанына төрт күн болды, – деди.
40 Ийса оған:
– «Егер Маған исенсең, Қудайдың
уллылығын көресең», – деп саған
айтқан жоқ па едим? – деди.
41 Солай етип, олар тасты алып
қойды. Ийса көзлерин аспанға ти-
гип, былай деди:
– Әке! Мениң тилегимди еситке-
ниң ушын, Саған миннетдаршылық
билдиремен. 42 Мени ҳәмме ўақыт
еситетуғыныңды билемен. Бирақ
Мен буны усы жерде турған халық
Мени Сениң жибергениңе исениўи
ушын айттым.
43 Ийса усыларды айтып, бәлент
даўыс пенен:
– Лазар, сыртқа шық! – деп ба-
қырды.
44 Сонда аяқ-қоллары кепинлик
пенен оралған, бети орамал менен
байланған өли тирилип, сыртқа
шықты. Ийса оларға:
– Оны шешиндирип жибериңлер,
кете берсин, – деди.

### Ийсаны өлтириў ушын тил бириктириў

*(Мат 26:1-5; Мрк 14:1-2; Лук 22:1-2)*

45 Солай етип, Мәриямға келип,
Ийсаның қылған ислерин көр-
ген яҳудийлердиң көбиси Ийсаға
исенди. 46 Бирақ айырымлары па-
рисейлерге барып, Ийсаның қыл-
ған ислери ҳаққында айтып берди.
47 Сонда бас руўханийлер менен
парисейлер жоқарғы кеңесте жый-
налып:
– Бизлер не қылыўымыз керек?
Бул Адам көп кәраматлы белгилер
ислемекте. 48 Егер Оны Өз еркине
жиберсек, ҳәмме Оған исенип ке-
теди. Сонда римлилер келип, Иба-
датханамызды да, елимизди де жоқ
қылады, – деди.
49 Олардың бири, сол жылы бас
руўханий болған Каяфа:
– Сизлер ҳеш нәрсени билмейсиз-
лер. 50 Пүткил халық набыт бол-
ғанынан гөре, халық ушын бир
адамның өлиўи сизлер ушын жақ-
сырақ екенин түсинбейсизлер ме? –
деди.
51-52 Ол бул сөзлерди өзлигинен
айтпаған еди. Сол жылы ол бас
руўханий болғанлықтан, Ийсаның
яҳудий халқы ушын, тек яҳудий
халқы ушын ғана емес, ал Қудай-
дың тарқалып кеткен балаларын
жыйнап бирлестириў ушын өле-
туғынын болжап айтқан еди.
53 Солай етип, сол күннен баслап
олар Ийсаны өлтириўге тил би-
риктирди. 54 Сонлықтан Ийса ен-
ди яҳудийлер арасында ашық жүре
алмайтуғын болды. Сонда Ол шөл-
ге жақын жердеги Эфрайым деген

қалашаға кетип, шәкиртлери менен
бирге сол жерде қалды.
55 Яҳудийлердиң Қутқарылыў
байрамы жақынлап қалған еди.
Диний рәсим бойынша тазаланыў
ушын, елдиң ҳәмме тәрепинен көп
адамлар байрамнан бурын Еруса-
лимге келди. 56 Олар Ийсаны изле-
ди ҳәм Ибадатханада турып:
– Қалай ойлайсызлар. Ол байрам-
ға келер ме екен? – деп бир-бири-
нен сорады. 57 Ал бас руўханийлер
менен парисейлер Ийсаны услаў
ушын, ким де ким Оның қай жер-
де екенин билсе, хабар бериўди бу-
йырған еди.

### Ийса Бетанияда

*(Мат 26:6-13; Мрк 14:3-9)*

**12** 1 Қутқарылыў байрамынан
алты күн алдын Ийса Бета-
нияға, Өзи өлимнен тирилткен Ла-
зар жасайтуғын жерге келди. 2 Сол
жерде Ийса ушын кешки зыяпат
берилди. Марта хызмет етип жүр-
ген еди. Ийса менен дастурхан
әтирапында жамбаслап жатыр-
ғанлардың арасында Лазар да бар
еди. 3 Сонда Мәриям кишкене гүзе
менен жүдә қымбат туратуғын, сап
нардтан алынған әтир майды алып
келип, Ийсаның аяқларына жақты
ҳәм Оның аяқларын шашлары ме-
нен сүртти. Үйдиң иши әтир май-
дың хош ийисине толып кетти.
4 Сонда Ийсаның шәкиртлери-
ниң бири, соңынан Оған сатқын-
лық ислейтуғын Яҳуда Исқариот:
5 – Не ушын бул май үш жүз ди-
нарға сатылып, ақшасы жарлылар-
ға берилмеди? – деди.
6 Бул сөзлерди ол жарлыларды ой-
лағаны ушын емес, ал уры болғаны
ушын айтты. Орталықтағы пулдың
қутысы онда болып, ол қутыға са-
лынғанлардан өзине алатуғын еди.
7 Ийса:
– Ҳаялды тынышына қой! Ол бу-
ны Мениң жерленетуғын күним
ушын сақлап қойған. 8 Жарлылар
сизлер менен бәрқулла бирге, ал
Мен сизлер менен бәрқулла бирге
болмайман, – деди.
9 Көплеген яҳудийлер Ийсаның
Бетанияда екенин билип, сол жер-
ге келди. Олар тек Ийса ушын емес,
ал Ол өлимнен тирилткен Лазарды
көриў ушын да келди. 10 Сонда бас
руўханийлер Лазарды да өлтириў-
ге тил бириктирген еди. 11 Өйткени
ол себепли көп яҳудийлер Ийсаға
ерип, Оған исенетуғын болды.

### Ийсаның Ерусалимге салтанатлы түрде кириўи

*(Мат 21:1-11; Мрк 11:1-11;
Лук 19:28-40)*

12 Ертеңине Ерусалимдеги бай-
рамға келген көп халық Ийсаның
да сол жерге келетуғынын еситип
қалды. 13 Олар пальма ағашының
шақаларын алып, Ийсаны қарсы
алыўға шықты ҳәм бәлент даўыс
пенен былай деди:
«Ҳосанна![a]
Жаратқан Ийениң аты менен
келетуғын
Израилдың Патшасы

---

[a] **12:13** *Ҳосанна!* – «Қутқара гөр!» деген мәнисте. Қудайды алғыслағанда ай-
тылады.

жарылқансын!»[a]

14-15 Мухаддес Жазыўда:
«Қорқпа, қыз Сион[b]!
Мине, гүррреге минип, сениң
Патшаң киятыр»[c], –
деп жазылғандай, Ийса бир гүрре-
ни таўып, оған минди.

16 Оның шәкиртлери дәслеп буны
түсинбеди. Бирақ Ийса уллылық-
қа ерискеннен соң, бул сөзлердиң
Ол ҳаққында жазылғанын ҳәм ха-
лықтың буларды Ол ушын ислеге-
нин еслерине түсирди.

17 Ийсаның Лазарды қәбирден
шақырып, оны өлимнен тирилткен
ўақтында Ийса менен бирге болған
халық көргенлерин айтып жүрди.
18 Сонлықтан Ийсаның бул кәрамат-
лы белгини ислегенин еситкен көп
адамлар Оны қарсы алыўға шықты.
19 Ал парисейлер бир-бирине:
– Көрип турсызлар ма? Қолыңыз-
дан ҳеш нәрсе келмей атыр. Пүткил
дүнья Оның изине ерип кетти! –
деди.

## Ийсаның Өз өлими ҳаққында алдын ала айтыўы

20 Байрамда сыйыныў ушын Еру-
салимге келгенлер арасында базы
греклер де бар еди. 21 Олар Галила-
ның Бетсайда қаласынан болған
Филипке келип:
– Мырза, бизлер Ийсаны көриў-
ди қәлеймиз, – деп өтиниш етти.

22 Филип барып, буны Андрейге
айтты. Андрей менен Филип Ийса-
ға барып хабарлады.

23 Ийса оларға былай деп жуўап
берди:
– Адам Улының уллыланатуғын
ўақты келди. 24 Сизлерге шынын,
ҳақыйқатын айтаман: бийдай дәни
жерге түсип өлмесе, ол жалғыз қа-
лады. Ал егер өлсе, көп зүрәәт бе-
реди. 25 Өз жанын қәдирлейтуғын
адам оны жойтады. Ал бул дүнья-
да өз жанын аямайтуғын адам оны
мәңгилик өмир ушын сақлайды.
26 Ким де ким Маған хызмет етиўди
қәлесе, изиме ерсин. Мен қай жерде
болсам, Мениң хызметшим де сол
жерде болады. Ким де ким Маған
хызмет етсе, оны Әкем иззет етеди.

27 Енди жүрегим қайғыға толды.
Мен не дейин? «Әке, Мени бул ўа-
қыттан қутқар», – дейин бе? Бирақ
Мен усы ўақыт ушын келгенмен.
28 Әке, Өз атыңды уллыла!
Сонда аспаннан:
– Атымды уллыладым, Мен оны
және де уллылайман, – деген са-
за келди.

29 Сол жерде турып, буны еситкен
аламан ишинен айырымлары: «Ас-
пан гүркиреди», – деди. Ал басқала-
ры: «Оған периште сөйледи», – деди.

30 Ийса оларға жуўап берип:
– Бул саза Мен ушын емес, ал сиз-
лер ушын еситилди. 31 Ҳәзир бул
дүньяның ҳүким етилетуғын ўақ-
ты келди. Ҳәзир бул дүньяның ҳә-
кими[d] қуўып шығарылады. 32 Мен
жерден жоқарыға көтерилгеним-
де, ҳәмме адамларды Өзиме тар-
таман, – деди.

---

a **12:13** Заб 117:25-26.
b **12:14-15** *Қыз Сион* – Ерусалим.
c **12:14-15** Зхр 9:9.
d **12:31** *Бул дүньяның ҳәкими* – шайтан.

[33] Ийса буны қандай өлим менен
өлетуғынын билдириў ушын айтты.
[34] Халық Оған былай деп жуўап
берди:
– Бизлер Мухаддес Жазыўдан
Масийхтың мәңги жасайтуғынын
еситкенбиз. Қалай Сен: «Адам Улы
жоқарыға көтерилиўи тийис», – деп
атырсаң? Бул Адам Улы дегени ким?
[35] Ийса былай деди:
– Және аз ўақыт нур сизлер менен
бирге болады. Сизлерди қараңғы-
лық баспаўы ушын, нур бар ўақыт-
та жүрип қалыңлар. Қараңғылықта
жүрген адам қаяққа баратырғанын
билмейди. [36] Сизлерде нур бар ўа-
қытта нурға исениңлер. Сонда нур-
дың балалары боласызлар.
Ийса усы сөзлерди айтып болып,
олардың көзлеринен тасаланды.

### Яҳудийлердиң Ийсаға исенбеўи

[37] Ийса олардың көз алдында
сонша кәраматлы белгилер көрсет-
се де, олар Ийсаға исенбеди. [38] Со-
лай етип, Ийшая пайғамбардың
айтқан мына сөзлери орынланды:

«Ийем! Бизлер айтқан хабарға
ким исенди?
Жаратқан Ийениң күш-қүдирети
кимге аян болды?»[a]

[39] Сонлықтан олар исене алма-
ды. Себеби Ийшая пайғамбар жә-
не былай деген еди:

[40] «Қудай олардың көзлерин
соқыр етти,
Жүреклерин тас қылды.
Көзлери менен көрмейди,
Жүреклери менен түсинбейди.
Мен оларға шыпа бериўим
ушын,
Маған қайтып келмейди»[b].

[41] Ийшая Ийсаның уллылығын
көргенликтен, Ол ҳаққында сөй-
леп, усы сөзлерди айтқан еди.
[42] Соған қарамастан, басшылар
арасында да көбиси Ийсаға исен-
ди. Бирақ парисейлерден қорқып,
мәжилисханадан қуўылмаўы ушын,
исенимлерин ашық мойынламады.
[43] Өйткени олар Қудайдың мақта-
ўынан гөре, адамның мақтаўын кө-
бирек жақсы көрди.

### Ақырғы күн ҳәм ҳүким

[44] Сонда Ийса бәлент даўыс пе-
нен былай деди:
– Маған исенген адам Мени Жи-
берген Қудайға исенген болады.
[45] Және де, Мени көрген адам Мени
Жиберген Қудайды көрген болады.
[46] Маған исенген ҳәр бир адам қа-
раңғылықта қалмаўы ушын, Мен
дүньяға нур болып келдим.
[47] Ким де ким Мениң сөзлерим-
ди еситсе де, бирақ оларды орын-
ламаса*, Мен оны ҳүким етпеймен.
Себеби Мен дүньяны ҳүким етиў
ушын емес, ал оны қутқарыў ушын
келдим. [48] Мени тән алмай, сөз-
леримди қабылламаған адамның
ҳүким етиўшиси бар. Мениң сөйле-
ген сөзим ақырғы күни оны ҳүким
етеди. [49] Өйткени Мен Өзлигимнен
сөйлеген жоқпан. Ал Мени жибер-
ген Әкемниң Өзи не айтыўымды
ҳәм қалай сөйлеўимди Маған бу-
йырды. [50] Оның буйрығының мәң-
гилик өмирге жетелейтуғынын

---

[a] **12:38** Ийш 53:1.
[b] **12:40** Ийш 6:10.

билемен. Сонлықтан Мен не айт-
сам да, Әкемниң Маған айтқанын
айтып атырман.

### Ийсаның Өз шәкиртлериниң аяғын жуўыўы

13 1 Қутқарылыў байрамының
алдынғы күни Ийса Өзи-
ниң бул дүньядан Әкесиниң жа-
нына баратуғын ўақты келгенин
билди. Ол бул дүньядағы Өзине
тийисли адамларды сүйетуғын еди.
Оларды ақырына дейин сүйди.
2 Ийса шәкиртлери менен кешки
аўқатқа отырды. Шайтан әлле қа-
шан Шимон улы Яҳуда Исқариот-
тың кеўлине Ийсаға сатқынлық
қылыў нийетин салған еди. 3 Ийса
Әкесиниң ҳәмме нәрсени Оның қо-
лына бергенин, Өзиниң Қудайдан
келгенин ҳәм Қудайға қайтып ба-
ратырғанын билип, 4 дастурхан
басынан турды. Сыртқы кийимин
шешти де, бир сүлгини алып бели-
не байлады. 5 Соңынан ләгенге суў
қуйып, шәкиртлериниң аяқларын
жуўып, белиндеги сүлги менен сүр-
те баслады.
6 Ийса Шимон Петрдиң қасына
келгенде, Петр Оған:
– Ийем, мениң аяқларымды Сен
жуўажақсаң ба? – деди.
7 Ийса оған жуўап берип:
– Мениң не ислеп атырғанымды
сен ҳәзир түсинбейсең. Бирақ со-
ңынан түсинип аласаң, – деди.
8 – Мениң аяқларымды Сен ҳеш
қашан жуўмайсаң! – деди ол.
– Егер Мен сениң аяқларыңды
жуўмасам, Мениң менен қатнаста
болмайсаң, – деди Ийса.
9 Шимон Петр Ийсаға:
– Ийем, онда тек аяқларымды
емес, қолларымды да, басымды да
жуўа гөр! – деди.
10 Ийса оған:
– Шомылған адам пүткиллей та-
за. Оның тек аяқларын ғана жуўыў
керек. Сизлер де тазасызлар, бирақ
ҳәммеңиз емес, – деди.
11 Ийса Өзине кимниң сатқын-
лық қылатуғынын билетуғын еди.
Сонлықтан: «Бирақ ҳәммеңиз емес»
деген еди.
12 Шәкиртлериниң аяқларын жу-
ўып болғаннан соң, Ийса кийим-
лерин кийип, жамбаслап жатты да,
оларға былай деди:
– Мениң сизлерге не ислегеним-
ди түсиндиңлер ме? 13 Сизлер Мени
Устаз ҳәм Ийем деп атайсызлар. Ду-
рыс айтасызлар, себеби Мен Сол-
ман. 14 Мен сизлердиң Ийеңиз ҳәм
Устазыңыз бола тура, аяқлары-
ңызды жуўған болсам, сизлер де
бир-бириңиздиң аяқларыңызды
жуўыўыңыз тийис. 15 Мен сизлер-
ге не ислеген болсам, сизлер де со-
ны ислеўиңиз ушын, Мен сизлерге
өрнек көрсеттим. 16 Сизлерге шы-
нын, ҳақыйқатын айтаман: хыз-
метши хожасынан уллы емес. Елши
де өзин жибергеннен уллы емес.
17 Егер сизлер буларды билип орын-
ласаңыз, бахытлы боласызлар!

### Ийсаға сатқынлық

*(Мат 26:20-25; Мрк 14:17-21; Лук 22:21-23)*

18 – Мен ҳәммеңиз туўралы ай-
тып атырған жоқпан. Мен Өзимниң
таңлап алғанларымды билемен.
Бирақ Мухаддес Жазыўдағы: «Ме-
ниң нанымды жеген Маған қарсы

қол көтерди»[a], – деген сөзлер орын-
ланыўы керек.
19 Бул жүз бергенде, Мениң Сол
екениме исениўиңиз ушын, Мен
сизлерге ҳәзир, бул болмастан бу-
рын айтып атырман. 20 Сизлерге
шынын, ҳақыйқатын айтаман: ким
де ким Мен жиберген адамды қабыл
алса, Мени қабыл алғаны болады.
Ким де ким Мени қабыл алса, Мени
Жибергенди қабыл алғаны болады.
21 Ийса буларды айтқаннан соң,
руўхый қыйналып, ашық сөйлеп
былай деди:
– Сизлерге шынын, ҳақыйқатын
айтаман: араңыздағы бириңиз Ма-
ған сатқынлық ислейди.
22 Шәкиртлери Оның кимди нә-
зерде тутып атырғанын түсинбей,
бир-бирине қарасты. 23 Шәкирт-
лерден бири Оның қасында жам-
баслап жатырған еди. Ийса оны
сүйетуғын еди. 24 Шимон Петр сол
шәкиртке: «Ол ким туўралы айтып
атыр, сора», – деп ымлады.
25 Ийсаның көкирегине сүйенип
жатырған сол шәкирт Оннан:
– Ийем, ол ким? – деп сорады.
26 Ийса жуўап берип:
– Мен мына бир бөлек нанды ма-
лып, кимге берсем, ол – сол, – деди
де, бир бөлек нанды малып, Ши-
мон улы Яҳуда Исқариотқа берди.
27 Яҳуда нанды алыўдан-ақ, оның
ишине шайтан кирди. Ийса оған:
– Қылажақ исиңди тезирек қыл, –
деди.
28 Дастурхан әтирапында отыр-
ғанлардың ҳеш қайсысы Ийсаның
бул сөзлерди Яҳудаға не ушын айт-
қанын түсинбеди. 29 Ақша қутысы
Яҳудада болғанлықтан, Ийса оған:
«Байрам ушын бизлерге керекли
затларды сатып ал» ямаса «Жарлы-
ларға бир нәрсе бер», – деп атырған
шығар, деп ойлады гейбиреўлери.
30 Ал Яҳуда бир бөлек нанды алыў-
дан-ақ, сыртқа шығып кетти. Түн
болған еди.

## Жаңа буйрық

31 Яҳуда сыртқа шығып кеткен-
нен соң, Ийса былай деди:
– Ҳәзир Адам Улы уллыланды.
Ол арқалы Қудай да уллыланды.
32 Қудай Ол арқалы уллыланған-
лықтан, Қудайдың Өзи де Оны
уллылайды. Оны тез арада уллы-
лайды.
33 Балаларым! Енди Мен сизлер
менен бирге узақ ўақыт болмай-
ман. Мени излейсизлер, бирақ яҳу-
дий басшыларына айтқанымдай,
сизлерге де айтатуғыным: Мен
баратуғын жерге сизлер жете ал-
майсызлар.
34 Сизлерге жаңа буйрық берип
атырман: бир-бириңизди сүйиң-
лер! Мениң сизлерди сүйгеним сы-
яқлы, сизлер де бир-бириңизди
сүйиңлер. 35 Егер бир-бириңизди
сүйсеңлер, ҳәмме усы арқалы сиз-
лердиң Мениң шәкиртлерим еке-
ниңизди билип алады.

## Петрдиң Ийсадан таныўы ҳаққында

*(Мат 26:31-35; Мрк 14:27-31; Лук 22:31-34)*

36 Шимон Петр Ийсаға:
– Ийем, Сен қаяққа баратырсаң? –
деди.

---

a **13:18** Заб 40:10.

Ийса:
– Мен баратуғын жерге сен ҳәзир
изимнен ерип бара алмайсаң. Би-
рақ соңынан изимнен келесең, –
деп жуўап берди.
37 Петр Оған:
– Ийем, не ушын Сениң изиң-
нен ҳәзир бара алмайман? Мен Сен
ушын жанымды беремен! – деди.
38 Ийса оған былай деп жуўап
берди:
– Мен ушын жаныңды бермек-
шимисең? Саған шынын, ҳақыйқа-
тын айтаман: қораз шақырмастан
бурын сен Меннен үш рет танасаң.

## Ийса – жол, ҳақыйқат ҳәм өмир

14 1 Ийса шәкиртлерине бы-
лай деди:
– Жүреклериңиз ғам шекпесин.
Қудайға исениңлер, Маған да исе-
ниңлер. 2 Әкемниң үйинде орын
көп. Егер олай болмағанда, сиз-
лерге айтпас едим. Өйткени Мен
сизлер ушын орын таярлаўға кетип
баратырман. 3 Мен барып, сизлер
ушын орын таярлағанымнан соң,
сизлер де Мен болатуғын жерде бо-
лыўыңыз ушын, және келип, сиз-
лерди Өз жаныма алып кетемен.
4 Мен баратуғын жерге апаратуғын
жолды сизлер билесизлер.
5 Томас Ийсаға:
– Ийем, Сениң қаяққа баратуғы-
ныңды билмеймиз-ғо. Жолды қа-
лай биле аламыз? – деди.
6 Ийса оған былай деди:
– Мен жол, ҳақыйқат ҳәм өмир-
мен. Мен арқалы болмаса, ҳеш ким
Әкеге бара алмайды. 7 Егер Мени
билсеңлер, Әкемди де билесизлер.
Аўа, Оны билесизлер, себеби Оны
көрдиңлер.
8 Филип Ийсаға:
– Ийем, бизлерге Әкени көрсет,
бизлерге соның өзи жеткиликли, –
деди.
9 Ийса оған былай деди:
– Филип, Мен сонша ўақыттан бе-
ри сизлер менен бирге болсам да,
Мени еле билмейсең бе? Мени көр-
ген Әкени көрген болады. Сен не
ушын: «Бизлерге Әкени көрсет», –
деп айтып атырсаң? 10 Мениң Әкеде,
Әкениң Менде екенине исенбейсең
бе? Сизлерге айтқан сөзлеримди
Өзлигимнен айтып турған жоқ-
пан, ал Менде жасап атырған Әке
Өз ислерин ислеп атыр. 11 Мениң
Әкеде, Әкениң Менде екенине исе-
ниңлер. Ҳеш болмаса, ислеген ис-
лерим арқалы Маған исениңлер.
12 Сизлерге шынын, ҳақыйқатын
айтаман: Маған исенген адамның
өзи де Мен ислеген ислерди ис-
лейди, ҳәтте, олардан да үлкени-
рек ислерди ислейди. Себеби Мен
Әкеме баратырман. 13 Әке Улы ар-
қалы уллыланыўы ушын, Мениң
атым менен не сорасаңлар да, ҳәм-
месин орынлайман. 14 Мениң атым
менен бир нәрсе сорасаңлар, Мен
оны орынлайман.

## Ийсаның Мухаддес Руўхты ўәде етиўи

15 – Егер Мени сүйсеңлер, Мениң
буйрықларымды орынлайсызлар.
16 Мен Әкемнен сорайман ҳәм Ол
сизлер менен мәңги бирге болыўы
ушын басқа Жақлаўшыны жибере-
ди. 17 Ол – Ҳақыйқат Руўхы. Дүнья
Оны қабыл ете алмайды. Өйткени
Оны көрмейди де, танымайды да.

Бирақ сизлер Оны билесизлер. Себе-
би Ол сизлер менен бирге жасайды,
Ол ишиңизде болады. 18 Сизлерди
жетим қылып қалдырмайман, сиз-
лерге қайтып келемен. 19 Бираздан
кейин, дүнья Мени қайтып көрмей-
ди. Бирақ сизлер Мени көресизлер.
Өйткени Мен қайта тирилемен, сиз-
лер де қайта тирилесизлер. 20 Сол
күни сизлер Мениң Әкемде, сиз-
лердиң Менде ҳәм Мениң сизлерде
екенимди билесизлер. 21 Мениң буй-
рықларымды билип, оларды орын-
лаған адам – Мени сүйетуғын адам.
Мени сүйген адамды Әкем де сүйе-
ди. Мен де оны сүйип, оған Өзимди
көрсетемен.

22 Исқариотлы емес басқа Яҳу-
да Ийсаға:

– Ийем, бул қалай болғаны, Өзиң-
ди дүньяға емес, бизлерге көрсете-
жақсаң ба? – деди.

23 Ийса оған былай деп жууап
берди:

– Ким де ким Мени сүйсе, Мениң
сөзимди орынлайды. Әкем де оны
сүйеди. Бизлер оған келип, оның
менен бирге жасаймыз. 24 Мени
сүймеген адам сөзлеримди орын-
ламайды. Сизлер еситип атырған
сөзлер Меники емес, ал Мени жи-
берген Әкемдики.

25 Мен еле сизлер менен бирге
болған ўақтымда сизлерге буларды
айттым. 26 Әкемниң Мениң атым-
нан жиберетуғын Жақлаўшысы,
Мухаддес Руўх сизлерге ҳәмме-
син үйретеди. Ол Мениң сизлерге
айтқанларымның ҳәммесин ес-
лериңизге түсиреди. 27 Мен сиз-
лерге тынышлық қалдыраман. Өз
тынышлығымды сизлерге беремен.
Мен беретуғын тынышлық дүнья
беретуғын тынышлыққа уқсамай-
ды. Жүреклериңиз ғам шекпесин,
қорқпаңлар.

28 Сизлер Мениң: «Сизлерден ке-
темен ҳәм және сизлерге қайтып
келемен», – дегенимди еситтиңлер.
Егер сизлер Мени сүйгениңизде:
«Әкемниң жанына баратырман», –
дегениме қуўанар едиңлер. Себеби
Әкем Меннен уллы. 29 Булар жүз
бергенде исениўиңиз ушын, еле
жүз берместен бурын, сизлерге ҳә-
зирден айттым. 30 Сизлер менен ен-
ди көп сөйлеспеймен. Өйткени бул
дүньяның ҳәкими[a] киятыр. Оның
Мениң үстимнен ҳеш қандай бий-
лиги жоқ. 31 Бирақ бул дүнья Мениң
Әкемди сүйетуғынымды ҳәм Оның
Маған буйырғанларының ҳәммесин
орынлайтуғынымды билиўи тийис.
Қәне турыңлар, бул жерден кетейик.

## Жүзим ағашы ҳәм оның шақалары

**15** 1 – Мен – ҳақыйқый жүзим
ағашыман, ал Әкем бағман.
2 Мендеги жемис бермейтуғын ҳәр
бир шақаны Ол кесип таслайды.
Жемис беретуғын ҳәр бир шақаны
және де көбирек жемис берсин деп,
путап тазалайды. 3 Мениң сизлер-
ге айтқан сөзлерим арқалы сизлер
әлле қашан тазасызлар. 4 Менде
болыңлар, Мен де сизлерде бо-
ламан. Ағашта болмаған шақа
өз-өзинен жемис бере алмағаны
сыяқлы, сизлер де Менде болма-
саңлар, жемис бере алмайсызлар.

---

a **14:30** *Бул дүньяның ҳәкими* – шайтан.

[5] Мен – жүзим ағашыман, сиз-
лер – шақаларсыз. Ким Менде
болып, Мен онда болсам, ол көп
жемис береди. Себеби Менсиз ҳеш
нәрсе ислей алмайсызлар. [6] Ким де
ким Менде болмаса, шақа сыяқлы
сыртқа тасланып, қуўрап қалады.
Бундай шақалар жыйналып, отқа
тасланып жандырылады. [7] Егер
сизлер Менде болып, Мениң сөзле-
рим сизлерде болса, қәлегениңизди
сораңлар, сизлерге бериледи. [8] Сиз-
лер көп жемис берсеңлер, Әкем
уллыланады. Сонда Мениң шә-
киртлерим боласызлар.

[9] Әкениң Мени сүйгени сыяқлы,
Мен де сизлерди сүйдим. Мениң
сүйиспеншилигиме садық болың-
лар. [10] Мен Әкемниң буйрықларын
орынлап, Оның сүйиспеншилигине
садық болғанымдай, сизлер де егер
Мениң буйрықларымды орынла-
саңлар, Мениң сүйиспеншилигиме
садық боласызлар. [11] Буларды сиз-
лерге Мениң қуўанышым сизлерде
болыўы ушын ҳәм қуўанышыңыз
толы болыўы ушын айттым. [12] Ме-
ниң буйрығым мынаў: Мен сизлер-
ди қалай сүйген болсам, сизлер де
бир-бириңизди солай сүйиңлер.
[13] デослары ушын өз жанын берген
адамның сүйиспеншилигинен ар-
тық сүйиспеншилик жоқ. [14] Егер
сизлер буйырғанларымды орын-
ласаңлар, Мениң досларым бола-
сызлар. [15] Буннан былай, сизлерди
«қул» деп атамайман. Өйткени қул
хожайынының не ислейтуғынын
билмейди. Сизлерди «досларым»
деп атайман. Себеби Әкемнен есит-
кенлеримниң ҳәммесин сизлерге
билдирдим. [16] Сизлер Мени емес,
Мен сизлерди таңладым. Барып
жемис берсин ҳәм жемиси турақ-
лы болсын деп, сизлерди тайын-
ладым. Солай етип, Мениң атым
менен Әкемнен не сорасаңлар да, Ол
сизлерге береди. [17] Сизлерге буйры-
ғым сол: бир-бириңизди сүйиңлер!

## Дүньяның жек көриўи

[18] – Егер дүнья сизлерди жек көр-
се, сизлерден алдын оның Мени
жек көргенин билиңлер. [19] Сиз-
лер бул дүньяники болғаныңызда,
дүнья өзине тийислилерди сүйер
еди. Бирақ, сизлер бул дүньяники
емессизлер. Өйткени Мен сизлер-
ди дүньядан таңлап алдым. Сон-
лықтан дүнья сизлерди жек көреди.
[20] Мениң: «Хызметши хожасынан
уллы емес», – деген сөзлеримди ес-
лериңизге түсириңлер. Егер адам-
лар Мени қуўдаласа, сизлерди де
қуўдалайды. Егер Мениң сөзимди
тыңласа, сизлердиң сөзлериңизди
де тыңлайды. [21] Бул ислердиң ҳәм-
месин сизлерге Мениң атым се-
бепли ислейди. Себеби олар Мени
Жибергенди билмейди. [22] Егер Мен
келмегенимде ҳәм оларға айтпаға-
нымда, олардың гүналары болмас
еди. Бирақ енди гүналарына кеши-
рим жоқ. [23] Мени жек көрген адам
Мениң Әкемди де жек көрген бо-
лады. [24] Егер Мен олар арасында
ҳеш ким ислемеген ислерди исле-
мегенимде, оларда гүна болмас еди.
Енди болса, олар ислеримди көрсе
де, Мени де, Әкемди де жек көрди.
[25] Бирақ бул олардың Мухаддес
Нызамындағы: «Мени бийкарға

жек көрди»[a], – деген сөзлердиң
орынланыўы ушын болды.
26 Әкемнен сизлерге Мен жибе-
ретуғын Жақлаўшы, яғный Әкем-
нен шығатуғын Ҳақыйқат Руўх
келгенде, Ол Мен туўралы гүўа-
лық береди. 27 Сизлер де гүўалық
бересизлер. Өйткени әўелден-ақ
Мениң менен биргесизлер.

# 16

1 – Мен буларды сизлер-
ге азғырылмаўыңыз ушын
айттым. 2 Сизлерди мәжилисхана-
дан қуўып жибереди. Ҳәтте, сиз-
лерди өлтирип атырған ҳәр бир
адам буның менен Қудайға хызмет
етип атырман, деп ойлайтуғын ўа-
қыт келеди. 3 Буларды Әкемди де,
Мени де билмегенликтен ислейди.
4 Сол ўақыт келгенде булар туў-
ралы сизлерге айтқанымды еске
түсириўиңиз ушын, сизлерге бил-
дирген едим. Әўелден сизлерге бу-
ларды айтқан жоқпан, себеби Мен
сизлер менен бирге едим.

## Мухаддес Руўхтың иси

5 – Енди болса, Мени Жиберген-
ниң жанына баратырман. Деген
менен, араңызда ҳеш ким Меннен:
«Қаяққа баратырсаң?» – деп сорап
атырған жоқ. 6 Бирақ сизлерге бу-
ларды айтқаным ушын, жүрегиңиз
қайғыға толды. 7 Соған қарамастан,
Мен сизлерге ҳақыйқатын айтаман:
Мениң кеткеним сизлер ушын жақ-
сырақ. Егер Мен кетпесем, сизлерге
Жақлаўшы келмейди. Егер кетсем,
Оны сизлерге жиберемен. 8 Ол кел-
генде, дүньяға гүнаның, ҳақлық-
тың ҳәм ҳүкимниң не екенин ашып
береди. 9 Гүна соннан ибарат: адам-
лар Маған исенбейди. 10 Ҳақлық
соннан ибарат: Мен Әкемниң жа-
нына кетип баратырман ҳәм енди
қайтып Мени көрмейсизлер. 11 Ҳү-
ким соннан ибарат: бул дүньяның
ҳәкими ҳүким етилди.
12 Сизлерге және де айтатуғынла-
рым көп, бирақ ҳәзир сизлер көтере
алмайсызлар. 13 Бирақ Ол, яғный
Ҳақыйқат Руўхы келгенде, сизлер-
ди толық ҳақыйқатқа қарай жете-
лейди. Ол Өзлигинен сөйлемейди,
тек нени еситсе, соны сөйлейди ҳәм
келешекте не болатуғынын сизлер-
ге билдиреди. 14 Ол Мени уллылай-
ды. Өйткени Ол Меникинен алып,
сизлерге билдиреди. 15 Әкемде не
бар болса, ҳәммеси Меники. Сон-
лықтан: «Ол Меникинен алып, сиз-
лерге билдиреди», – деген едим.
16 Бираздан соң, сизлер Мени ар-
тық көрмейсизлер. Және бираздан
соң, Мени қайтадан көресизлер*.

## Қайғыңыз қуўанышқа айланады

17 Сонда шәкиртлердиң гейби-
реўлери бир-бирине:
– «Бираздан соң, сизлер Мени ар-
тық көрмейсизлер, және бираздан
соң, Мени қайтадан көресизлер»
ҳәм «Себеби Әкеме кетип бара-
тырман», – деп айтып, Ол бизлер-
ге не демекши? 18 «Бираздан соң»
дегени не? Не айтқанына түсинбей
атырмыз, – деди.
19 Ийса олардың Өзине бир сораў
бермекши болғанын билип, олар-
ға былай деди:

---

[a] **15:25** Заб 34:19; 68:5.

– «Бираздан соң, Мени көрмей-
сизлер, және бираздан соң, Мени
көресизлер», – дегеним ҳаққында
бир-бириңизден сорап турсызлар
ма? 20 Сизлерге шынын, ҳақый-
қатын айтаман: сизлер жылап,
аза тутасызлар, ал дүнья қуўана-
ды. Сизлер қайғырасызлар, бирақ
қайғыңыз қуўанышқа айланады.
21 Ҳаял бала туўғанда азап шегеди,
өйткени оның ўақты келди. Бирақ
баласын туўғаннан соң, дүньяға
адам келгенликтен қуўанып, шек-
кен азабын умытып кетеди. 22 Сол
сыяқлы, сизлер де ҳәзир қайғырып
атырсызлар. Бирақ Мен сизлерди
және көремен ҳәм жүрегиңиз қу-
ўанышқа толады. Бул қуўаныш-
ты сизлерден ҳеш ким тартып ала
алмайды. 23 Сол күни Меннен ҳеш
нәрсе сорамайсызлар. Сизлерге
шынын, ҳақыйқатын айтаман: Ме-
ниң атым менен Әкемнен не со-
расаңлар да, Ол сизлерге береди.
24 Ҳәзирге дейин сизлер Мениң
атым менен ҳеш нәрсе сорамадың-
лар. Сораңлар, аласызлар, сонда
қуўанышыңыз толы болады.

25 Сизлерге буларды тымсаллар
менен айттым. Бирақ Мен сизлерге
тымсаллар менен сөйлемейтуғын
ўақыт келеди, сонда Әкем ҳақ-
қында сизлерге ашықтан-ашық
айтаман. 26 Сол күни Мениң атым
менен Әкемнен сорайсызлар. Сиз-
лер ушын Әкемнен Мен сорайман,
деп атырғаным жоқ. 27 Әкемниң
Өзи сизлерди сүйеди, себеби сизлер
Мени сүйип, Мениң Әкемнен кел-
геними исендиңлер. 28 Мен Әкем-
нен шығып, дүньяға келдим. Енди
дүньяны қалдырып, Әкеме қайтып
баратырман.

29 Шәкиртлери Ийсаға:
– Мине, енди ашық айтып тур-
саң, ҳеш тымсал қолланып атыр-
ған жоқсаң. 30 Сениң ҳәмме нәрсени,
ҳәтте, бизлердиң енди сорамақшы
болғанымызды да билетуғыныңды
билемиз. Сонлықтан Сениң Қудай-
дан келгениңе исенемиз, – деди.

31 Ийса оларға жуўап берип бы-
лай деди:
– Енди исенесизлер ме? 32 Мине,
ҳәммеңиз үйлериңизге тарқап ке-
тип, Мени жалғыз қалдыратуғын
ўақтыңыз келеди, ол келип қал-
ды да. Бирақ Мен жалғыз емеспен,
өйткени Әкем Мениң менен бирге.

33 Буларды сизлерге Менде бо-
лып, тынышлық алыўыңыз ушын
айттым. Бул дүньяда қыйыншы-
лық көресизлер, бирақ мәрт болың-
лар, Мен дүньяны жеңдим!

### Ийсаның дуўасы

**17** 1 Ийса бул сөзлерди айтып
болғаннан соң, көзлерин
аспанға тигип былай деди:
– Әке, ўақыт келди. Улың Сени
уллылаўы ушын, Сен де Улыңды
уллыла. 2 Себеби Сениң Оған бер-
ген адамларыңның ҳәммесине Ол
мәңгилик өмир берсин деп, Сен
Оған пүткил адамзат үстинен бий-
лик бердиң. 3 Мәңгилик өмир – бул
Сени, жалғыз ҳақ Қудайды ҳәм Сен
жиберген Ийса Масийхты билиў.
4 Сениң Маған тапсырған исиңди
тамамлағаным менен, Сени жер
жүзинде уллыладым. 5 Әке, дүнья
жаратылмастан бурын Сениң ме-
нен бирге болғанымда, Менде бол-
ған уллылық пенен ҳәзир Мени
Өзиңниң алдында уллыла.

6 Сениң Маған дүньядан берген
адамларыңа Сениң атыңды таныт-
тым. Олар Сеники еди, Сен олар-
ды Маған бердиң ҳәм олар Сениң
сөзлериңди орынлады. 7 Сениң Ма-
ған берген нәрселериңниң ҳәмме-
си Сеннен екенин олар енди билип
алды. 8 Өйткени Маған берген сөз-
лериңди оларға тапсырдым, олар
қабыл етти. Олар Мениң Сеннен
келгенимди ҳақыйқаттан бил-
ди ҳәм Мени Сениң жибергени-
ңе исенди. 9 Олар ушын сорайман:
дүнья ушын емес, Маған берген
адамларың ушын сорайман. Се-
беби олар Сеники. 10 Меникиниң
ҳәммеси – Сеники ҳәм Сеники-
ниң ҳәммеси – Меники. Мен олар
арқалы уллыландым. 11 Мен енди
бул дүньяда емеспен, бирақ олар
бул дүньяда. Мен Саған баратыр-
ман, Мухаддес Әке, Маған берген
Өз атыңның күши менен оларды
сақла*, олар да Биз сыяқлы бир
болсын. 12 Мен олар менен бирге
болғанымда, Сениң Маған берген
атыңның күши менен оларды қор-
ғап сақладым*. Набыт болыўға ти-
йисли адамнан басқа олардан ҳеш
бири набыт болмады. Солай етип,
Мухаддес Жазыў орынланды.

13 Енди Мен Саған баратырман.
Мениң қуўанышым оларда толы
болыўы ушын, бул сөзлерди дүнья-
да болған ўақтымда айтып атыр-
ман. 14 Мен оларға Сениң сөзиңди
тапсырдым, дүнья болса оларды
жек көрди. Өйткени Мениң дүньяға
тийисли болмағаным сыяқлы, олар
да дүньяға тийисли емес. 15 Оларды
дүньядан алыўыңды емес, шайтан-
нан сақлаўыңды сорайман. 16 Ме-
ниң дүньяға тийисли болмағаным
сыяқлы, олар да дүньяға тийисли
емес. 17 Оларды ҳақыйқат пенен
мухаддес қыл. Сениң сөзиң – ҳа-
қыйқат. 18 Сениң Мени дүньяға жи-
бергениң сыяқлы, Мен де оларды
дүньяға жибердим. 19 Олар да ҳа-
қыйқат пенен мухаддес болыўы
ушын, Мен Өзимди олар ушын ба-
ғышлайман.

20 Мен тек олар ушын емес, ал
олардың сөзлери арқалы Маған
исенетуғынлар ушын да сорай-
ман: 21 олардың ҳәммеси бир бол-
сын. Әке, Мени Сениң жибергениңе
дүнья исениўи ушын, Сениң Мен-
де ҳәм Мениң Сенде болғаным сы-
яқлы, олар да Бизде болсын. 22 Биз
бир болғанымыз сыяқлы, олар да
бир болыўы ушын, Сениң Маған
берген уллылығыңды оларға бер-
дим. 23 Мен оларда, Сен Мендесең.
Мени Сениң жибергениңди, сон-
дай-ақ Сениң Мени сүйетуғыныңды
сыяқлы, оларды да сүйетуғының-
ды дүнья билиўи ушын, олар да
бир тутас болсын.

24 Әке! Сениң Маған берген адам-
ларың Мен болатуғын жерде Ме-
ниң менен бирге болыўын ҳәм Сен
Мени дүнья жаратылмастан бурын
сүйгенликтен, Сениң Маған берген
уллылығыңды олардың да көри-
ўин қәлеймен.

25 Әдил Әке! Дүнья Сени бил-
мейди, бирақ Мен Сени билемен.
Булар да Мени Сениң жиберге-
ниңди биледи. 26 Маған деген сү-
йиспеншилигиң оларда болыўы
ушын ҳәм Мен де оларда болы-
ўым ушын, Сениң атыңды олар-
ға билдирдим ҳәм билдириўди
даўам етемен.

### Ийсаның қолға алыныўы

*(Мат 26:47-56; Мрк 14:43-50;
Лук 22:47-53)*

**18** 1 Ийса дуўа етип болған-
нан соң, шәкиртлери менен
бирге Кидрон сайының арғы жа-
ғасына өтти. Ол жерде бир бағ бар
еди. Ийса шәкиртлери менен сол
бағқа кирди.
2 Оған сатқынлық қылатуғын
Яҳуда да бул жерди билетуғын еди.
Себеби Ийса шәкиртлери менен
ол жерде тез-тез ушырасып ту-
ратуғын еди. 3 Солай етип, Яҳуда
жанына бир топар Рим әскерлери
менен бас руўханийлер ҳәм па-
рисейлер жиберген сақшыларды
алып, сол жерге келди. Олардың
қолларында паныс, шом ҳәм қу-
раллар бар еди.
4 Ийса Өзине болажақ ҳәмме нәр-
сени билгенликтен, алдына шы-
ғып, олардан:
– Кимди излеп жүрсизлер? – деп
сорады.
5 – Насыралы Ийсаны, – деп жу-
ўап берди олар.
– Мен – Солман, – деди Ийса.
Ийсаның сатқыны Яҳуда да олар
менен бирге турған еди. 6 Ийса:
«Мен – Солман» деўи менен, олар
артқа шегинип, жерге жығылды.
7 Сонда Ийса олардан және:
– Кимди излеп жүрсизлер? – деп
сорады.
– Насыралы Ийсаны, – деди олар.
8 Ийса жуўап берип:
– Сизлерге айттым-ғо, Мен – Сол-
ман. Егер Мени излеп жүрген бол-
саңлар, бул адамларды жибериңлер,
кетсин, – деди.
9 Бул Оның: «Сениң Маған бер-
генлериңниң ҳеш бирин жойт-
падым», – деп бурын Өзи айтқан
сөзлериниң орынланыўы ушын
болды.
10 Сонда Шимон Петр жанында-
ғы қылышын суўырып алып, бир
силтеп, бас руўханийдиң қулының
оң қулағын шаўып таслады. Қул-
дың аты Малкус еди.
11 Ийса Петрге:
– Қылышыңды қынабына салып
қой! Әкемниң Маған берген азап
кесесинен ишпейин бе? – деди.
12 Соңынан әскерлер топары ме-
нен олардың басшысы ҳәм яҳудий-
лердиң сақшылары Ийсаны услап
байлады. 13 Оны дәслеп Ханнаға
алып барды. Ханна сол жылы бас
руўханий болған Каяфаның қәйин
атасы еди. 14 Яҳудий басшыларына:
«Халық ушын бир адамның өлиўи
жақсырақ», – деп кеңес берген усы
Каяфа еди.

### Петрдиң Ийсадан таныўы

*(Мат 26:69-70; Мрк 14:66-68;
Лук 22:55-57)*

15 Шимон Петр менен және бас-
қа шәкирти Ийсаның изине ерип
барды. Бул шәкирт бас руўханийге
таныс болғанлықтан, Ийса менен
бирге бас руўханийдиң ҳәўлисине
кирди. 16 Ал Петр сыртта, қапының
алдында қалды. Бас руўханийдиң
танысы болған сол шәкирт сыртқа
шығып, қапыны қараўыллаған шо-
ры қыз бенен сөйлести де, Петрди
ишке алып кирди.
17 Қапыны қараўыллаған шоры
қыз Петрден:
– Сен де бул Адамның шәкирт-
леринен емессең бе? – деп сорады.

– Яқ, – деп жуўап берди ол.
18 Күн суўық болғанлықтан,
хызметшилер менен сақшылар
көмир жағып, жылынып турды.
Петр де олар менен бирге турып
жылынды.

### Бас руўханийдиң Ийсаны тергеўи

*(Мат 26:59-66; Мрк 14:55-64; Лук 22:66-71)*

19 Бас руўханий Ийсадан Оның
шәкиртлери ҳәм тәлиматы ҳақ-
қында сорады.
20 Ийса оған былай деп жуўап
берди:
– Мен дүньяға ашық сөйледим.
Ҳәмме ўақытта яҳудийлер жый-
налатуғын мәжилисханаларда ҳәм
Ибадатханада үйреттим. Жасырын
ҳеш нәрсе айтпадым. 21 Неге Мен-
нен сорап атырсаң? Сөзлеримди
еситкенлерден сора. Олар не айт-
қанымды биледи.
22 Ийса усыларды айтқанда, Оған
жақын турған сақшылардың бири:
– Бас руўханийге де усылай жу-
ўап бериўге бола ма? – деп Оның
бетине урып жиберди.
23 Ийса оған:
– Егер Мен надурыс сөйлеген бол-
сам, надурыслығымды дәлилле.
Бирақ дурыс сөйлеген болсам, не-
ге Мени урасаң? – деди.
24 Ханна Ийсаны байлаўлы ҳа-
лында бас руўханий Каяфаға жи-
берди.

### Петрдиң Ийсадан және таныўы

*(Мат 26:71-75; Мрк 14:69-72; Лук 22:58-62)*

25 Шимон Петр еле отқа жылы-
нып тур еди.
– Сен де Оның шәкиртлеринен
емессең бе? – деп сорады олар.
Бирақ ол танып:
– Яқ, – деди.
26 Бас руўханийдиң қулларының
бири, Петр қулағын шапқан адам-
ның ағайини Петрден:
– Сени бағда Оның менен бирге
көрген жоқпан ба? – деп сорады.
27 Петр және танды. Сол ўақыт-
та-ақ қораз шақырды.

### Ийса Пилат алдында

*(Мат 27:1-2, 11-31; Мрк 15:1-5; Лук 23:1-5, 13-25)*

28 Таң азанда яҳудий басшылары
Ийсаны Каяфаның алдынан ҳәким
Пилаттың сарайына алып барды.
Олар Қутқарылыў байрамының
асын ҳарамланбай жеў ушын сарай-
ға кирмеди. 29 Сол себептен Пилат
сыртқа шығып, олардан:
– Бул адамды не нәрседе айыплап
атырсызлар? – деп сорады.
30 Олар жуўап берип:
– Егер бул адам жынаятшы бол-
мағанда, Оны сениң алдыңа алып
келмес едик, – деди.
31 Пилат оларға:
– Оны өзлериңиз алып кетип, өз
нызамыңыз бойынша ҳүким етиң-
лер, – деди.
Яҳудий басшылары:
– Бизлерге ҳеш кимди өлтириўге
рухсат етилмеген, – деди.
32 Ийсаның Өзиниң қандай өлим
менен өлетуғыны ҳаққында айтқан
сөзлериниң орынланыўы ушын
усылай болды.
33 Сонда Пилат және сарайына
кирди ҳәм Ийсаны өзине шақыртып:
– Сен Яҳудийлердиң Патшасы-
мысаң? – деп сорады.

34 Ийса былай деп жууап берди:
– Буны өзиң айтып турсаң ба яма-
са Мен тууралы саған басқалар айт-
ты ма?
35 Пилат:
– Мен не яҳудиймен бе? Сени ма-
ған Өз халқың менен бас рууха-
нийлериң тапсырды. Сен не ислеп
қойдың? – деди.
36 Ийса жууап берип:
– Мениң Патшалығым бул дүнья-
да емес. Егер Патшалығым бул
дүньяда болғанда, яҳудий басшы-
ларының қолына тапсырылмауым
ушын, хызметшилерим гүресер
еди. Бирақ Мениң Патшалығым
бул жерде емес, – деди.
37 – Демек, Сен патша екенсең-
дә? – деди Пилат.
Ийса жууап берип:
– Өзиң айтқандай, Мен Патша-
ман. Мен ҳақыйқат ҳаққында гү-
уалық бериу ушын туулдым ҳәм
соның ушын дүньяға келдим. Ким
ҳақыйқат тәрепинде болса, Мениң
дауысымды еситеди, – деди.
38 Пилат Ийсаға:
– Ҳақыйқат деген не? – деди.
Буны айтып болғаннан соң, Пи-
лат және яҳудийлердиң жанына
шығып, оларға:
– Мен Оннан ҳеш айып таба ал-
май атырман. 39 Бирақ сизлерде бар
бир әдет бойынша, мен ҳәр Қутқа-
рылыу байрамында сизлер ушын
бир тутқынды босатып беретуғын
едим. Сизлер ушын Яҳудийлердиң
Патшасын босатып бериуимди қә-
лейсизлер ме? – деди.
40 Бирақ олар және:
– Яқ, Оны емес, Бараббаны бо-
сат! – деп бақырысты.
Ал Барабба қозғалаңшы еди.

## Ийсаның өлимге ҳүким етилиуи

19 1 Сонда Пилат Ийсаны ус-
лап, қамшылауды буйырды.
2 Әскерлер тикенли шыбықлардан
таж өрип, Ийсаның басына кий-
гизди. Соңынан Оған шым қызыл
шапан жапты. 3 Алдына келип:
– Жасасын, Яҳудийлердиң Пат-
шасы! – деп жүзине шапалақ пе-
нен урды.
4 Пилат және сыртқа шығып, яҳу-
дийлерге:
– Мине, мениң Оннан ҳеш бир
айып таппағанымды сизлерди бил-
син деп, Оны сизлердиң алдыңызға
шығарып атырман, – деди.
5 Сонда басында тикенли тажы,
үстинде шым қызыл шапаны бар
Ийса сыртқа шықты. Пилат оларға:
– Мине, бул Адам! – деди.
6 Бас руўханийлер менен олар-
дың сақшылары Ийсаны көргенде:
– Оны атанақ ағашқа шегелет, ше-
гелет! – деп бақырысты.
Пилат оларға:
– Оны сизлер алып кетип, атанақ
ағашқа шегелеңлер. Өйткени мен
Оннан ҳеш қандай айып таппай
атырман, – деди.
7 Яҳудий басшылары оған жу-
уап берип:
– Бизлерде нызам бар ҳәм сол ны-
зам бойынша, Ол өлиуи шәрт. Се-
беби Ол Өзин Қудайдың Улы деп
атады, – деди.
8 Пилат бул сөзлерди еситкен-
де, бурынғыдан бетер қорқып кет-
ти. 9 Қайтадан сарайына кирип,
Ийсадан:
– Сен қай жерденсең? – деп со-
рады.

Бирақ Ийса оған жуўап бермеди.
10 Пилат Оған:
– Мениң менен сөйлеспейжақсаң ба? Сени азат қылыўға да, атанақ ағашқа шегелетиўге де бийлигим бар екенин билмейсең бе? – деди.
11 Ийса жуўап берип:
– Саған Қудайдан берилмегенде, сенде Мениң үстимнен ҳеш қандай бийлик болмас еди. Сонлықтан Мени саған услап бергенниң гүнасы сениң гүнаңнан аўырырақ, – деди.
12 Сол ўақыттан баслап, Пилат Ийсаны азат етиўге тырысты. Бирақ яҳудий басшылары:
– Бул Адамды азат қылсаң, Рим императорының досты емессең. Өзин патша деп атайтуғын ҳәр бир адам императорға қарсы болады, – деп бақырысты.
13 Пилат бул сөзлерди еситкенде, Ийсаны сыртқа шығарды ҳәм «Тас майданша», еврейше Габбата деп аталған жердеги ҳүким гүрсисине
отырды. 14 Таярлық күни, Қутқарылыў байрамынан бир күн бурын саат он екилер шамасында Пилат яҳудийлерге:
– Мине, сизлердиң Патшаңыз! – деди.
15 Бирақ олар бақырысып:
– Жоқ қыл Оны! Жоқ қыл, атанақ ағашқа шегеле! – деди.
Пилат оларға:
– Сизлердиң Патшаңызды атанақ ағашқа шегелейин бе? – деди.
– Бизлердиң Рим императорынан басқа патшамыз жоқ, – деп жуўап берди бас руўханийлер.
16 Солай етип, Пилат Ийсаны атанақ ағашқа шегелеў ушын әскерлерге тапсырды.

## Ийсаның атанақ ағашқа шегелениўи

*(Мат 27:32-44; Мрк 15:21-32; Лук 23:26-43)*

Әскерлер Ийсаны алып кетти.
17 Ийса Өз атанақ ағашын арқалап, «Бас сүйек орны», еврейше Голгота деп аталған жерге келди.
18 Сол жерде Ийсаны ҳәм Оның менен бирге еки адамды атанақ ағашқа шегеледи. Олардың биреўи оң тәрепте, екиншиси сол тәрепте, ал Ийса ортада еди.
19 Пилат жазыў жаздырып, оны атанақ ағаштың үстине илдиртти. Онда: «НАСЫРАЛЫ ИЙСА – ЯҲУДИЙЛЕРДИҢ ПАТШАСЫ», – деп жазылған еди.
20 Яҳудийлердиң көбиси бул жазыўды оқыды. Өйткени Ийса атанақ ағашқа шегеленген жер қалаға жақын еди ҳәм бул жазыў еврейше, латынша ҳәм грекше жазылған еди.
21 Яҳудийлердиң бас руўханийлери Пилатқа былай деди:
– «Яҳудийлердиң Патшасы» деп жазба, «Оның Өзи: Мен – Яҳудийлердиң Патшасыман, деди», – деп жаз.
22 – Не жазажақ болсам жаздым, – деп жуўап берди Пилат.
23 Әскерлер Ийсаны атанақ ағашқа шегелегеннен соң, Оның кийимин алды ҳәм оны төрт бөлекке бөлип, ҳәр қайсысы бир бөлектен алды. Көйлегин де алды. Ол тигилмеген болып, бастан-аяқ бир пүтин тоқыма еди.
24 Сонлықтан әскерлер бир-бирине:
– Буны жыртпайық, шек таслайық, кимге түссе, сол алсын, – деди.

Бул Мухаддес Жазыўдағы мы-
на сөзлердиң орынланыўы ушын
болды:

«Кийимлеримди өз ара бөлисти,
Липасларым ушын шек
таслады»[a].

Әскерлер усы айтылғанды исле-
ди. **25** Ийсаның атанақ ағашының
қасында Оның анасы, анасының
апасы, Клопаның ҳаялы Мәриям
ҳәм магдалалы Мәриям турған еди.
**26** Ийса анасын ҳәм оның жанында
турған Өзиниң сүйикли шәкиртин
көргенде, анасына:
– Апа, мине, сениң улың, – деди.
**27** Кейин шәкиртине:
– Мине, бул сениң анаң, – деди.
Сол ўақыттан баслап, сол шәкирт
оны өз үйине алды.

## Ийсаның жан тапсырыўы

*(Мат 27:45-56; Мрк 15:33-41;*
*Лук 23:44-49)*

**28** Соннан соң, Ийса ҳәммесиниң
тамамланғанын билип, Мухаддес
Жазыў орынланыўы ушын[b]:
– Шөллеп турман! – деди.
**29** Сол жерде сирке суўына толы
бир гүзе тур еди. Әскерлер сор-
ғышты оған батырып алып, ма-
йоран шөби[c] шыбығына қадады
да, Ийсаның аўзына тутты. **30** Ийса
оны татып көрип:
– Орынланды, – деди де, басын
ийип, жан тапсырды.
**31** Бул таярлық күни[d] еди. Ертең-
ги күн Қутқарылыў байрамына
туўра келетуғын айрықша Шаббат
күни[e] болғанлықтан, яҳудий бас-
шылары денелерди атанақ ағашта
қалдырыўды қәлемеди. Олар Пи-
латтан шегеленгенлердиң аяқла-
рын сындырып[f], денелерди алып
таслаўды сорады. **32** Сонда әскер-
лер барып, Ийса менен атанақ
ағашқа шегеленгенлердиң дәслеп
биринشисиниң, соңынан екинши-
синиң аяқларын сындырып тас-
лады. **33** Бирақ Ийсаның қасына
келгенде, Оның әлле қашан жан
тапсырғанын көрип, аяқларын
сындырмады. **34** Бунның орнына,
әскерлердиң бири Оның бүйирин
найза менен тести. Сол ўақыт-
та-ақ қан менен суў ағып шықты.
**35** Буны көрген адамның гүўалығы
ҳақыйқат. Ол өзиниң ҳақыйқат-
лықты айтып атырғанын биле-
ди. Сизлер де исениўиңиз ушын
ол гүўалық берди. **36** Булардың
ҳәммеси: «Оның ҳеш бир сүйеги
сынбайды»[g], – деген Мухаддес Жа-
зыўдағы сөзлердиң орынланыўы
ушын болды. **37** Мухаддес Жазыў-
дың басқа бир жеринде: «Өзлери
найза менен тескен Адамға қарай-
ды»[h], – делинген.

## Ийсаның қәбирге қойылыўы

*(Мат 27:57-61; Мрк 15:42-47;*

---

[a] **19:24** Заб 21:19.
[b] **19:28** Заб 21:16; 68:22.
[c] **19:29** *Майоран шөби* – бул назбайгүл шөбине туқымлас өсимлик.
[d] **19:31** *Таярлық күни* – жума күни.
[e] **19:31** *Шаббат күни* – шемби күни.
[f] **19:31** *Аяқларын сындырып* – олардың тезирек өлиўи ушын солай исленген.
[g] **19:36** Шығ 12:46; Сан 9:12; Заб 33:21.
[h] **19:37** Зхр 12:10.

*Лук 23:50-56)*

**38** Буннан соң, ариматиялы Юсуп
Ийсаның денесин алып кетиў ушын
Пилаттан рухсат сорады. Юсуп
Ийсаның шәкирти еди. Бирақ ол
яҳудий басшыларынан қорққан-
лықтан, буны жасырып жүрген еди.
Пилат рухсат бергеннен соң, Юсуп
барып, Ийсаның денесин алып кет-
ти. **39** Бурын түнде Ийсаға келген
Никодим де жүз қадаққа[a] жақын
мирра[b] менен алоэ араласпасын
алып келди. **40** Яҳудийлердиң жерлеў
дәстүри бойынша, олар Ийсаның де-
несин хош ийисли затлар себилген
зығыр кепинге орады. **41** Ийса ата-
нақ ағашқа шегеленген жерде бир
бағ болып, бул бағдың ишинде еле
ҳеш ким қойылмаған бир жаңа қә-
бир бар еди. **42** Бул күн яҳудийлер-
диң таярлық күни болғанлықтан,
қәбир жақын жайласқаны себеп-
ли, олар Ийсаны сол жерге қойды.

### Ийсаның қайта тирилиўи

*(Мат 28:1-8; Мрк 16:1-8;*
*Лук 24:1-12)*

**20** **1** Екшемби күни таң азан-
да, еле қараңғы болған-
да, магдалалы Мәрияр қәбирге
келди ҳәм қәбирдиң аўзындағы
тастың алып тасланғанын көрди.
**2** Ол жуўырып, Шимон Петрге ҳәм
Ийсаның жақсы көретуғын сол
шәкиртине барды да, оларға:
– Ийемизди қәбирден алып ке-
типти. Оны қай жерге қойғанын
билмеймиз, – деди.
**3** Сонда Петр менен басқа шәкирт
шығып, қәбирге қарай жол алды.
**4** Олар жуўырып кетти. Бирақ сол
шәкирт Петрден тезирек жуўырып,
қәбирге биринши болып келди. **5** Ол
ишке үңилип қарағанда, сол жер-
де жатырған зығыр кепинди көр-
ди, бирақ ишке кирмеди. **6** Оның
изинен Шимон Петр жетип келип,
қәбирге кирди. Сол жерде жатыр-
ған кепинди ҳәм **7** Ийсаның басына
оралған орамалды көрди. Орамал
кепин менен бирге емес, ал бөлек
жерде бүкленип турған еди. **8** Сон-
да қәбирге биринши болып келген
сол шәкирт те ишке кирди ҳәм усы-
ларды көрип, исенди. **9** Себеби олар
Ийсаның өлимнен қайта тирилиўи
тийис екенлиги туўралы айтылған
Мухаддес Жазыўды елеге дейин
түсинбейтуғын еди. **10** Буннан соң,
шәкиртлер үйлерине қайтып кетти.

### Ийсаның магдалалы Мәриямға көриниўи

*(Мат 28:9-10; Мрк 16:9-11)*

**11** Ал Мәрияр қәбирдиң сыр-
тында жылап турған еди. Жылап
турып, еңкейип қәбирдиң ишине
қарады **12** ҳәм ақ кийимли еки пе-
риштени көрди. Бири Ийсаның де-
неси жатқан жердиң бас ушында,
екиншиси аяқ ушында отырған еди.
**13** Олар Мәриямнан:
– Ҳаял, сен неге жылап турсаң? –
деп сорады.
– Ийемди алып кетипти. Оны қай
жерге қойғанын билмеймен, – деди ол.
**14** Усыларды айтып болып, арқа-
сына бурылды ҳәм Ийсаның тур-
ғанын көрди. Бирақ Оның Ийса
екенин танымады.

---

[a] **19:39** *Жүз қадақ* – жүз «литра» (грек аўырлық өлшеми). Шама менен 34 кг.
[b] **19:39** *Мирра* – хош ийисли шайыр.

15 Ийса оған:
– Ҳаял, сен неге жылап турсаң?
Кимди излеп жүрсең? – деди.
Мәриям Оны бағман деп ойлап,
Оған:
– Мырза, егер Оны сен алып кет-
кен болсаң, қай жерге қойғаныңды
маған айт, мен Оны алып қайта-
йын, – деди.
16 Ийса оған:
– Мәриям! – деди.
Мәриям бурылып, еврейшелеп:
– Рәббуний! – деди. Рәббуний –
«устаз» дегенди аңлатады.
17 Ийса оған:
– Маған қол тийгизбе! Себеби
Мен еле Әкемниң жанына көте-
рилмедим. Ал сен туўысқанларыма
барып, Мениң Әкемниң ҳәм сизлер-
диң Әкеңиздиң, Мениң Қудайым-
ның ҳәм сизлердиң Қудайыңыздың
алдына көтерилип баратырғаным-
ды айт, – деди.
18 Магдалалы Мәриям шәкирт-
лерге барып, оларға:
– Мен Ийемди көрдим! – деди ҳәм
Ийсаның өзине не айтқанларын
оларға хабарлады.

### Ийсаның шәкиртлерине көриниўи

*(Мат 28:16-20; Мрк 16:14-18; Лук 24:36-49)*

19 Екшемби күни кеште шәкирт-
лер бирге жыйналған еди. Яҳудий
басшыларынан қорққанлықтан,
олар үйдиң қапыларын илип қой-
ғанда, Ийса келди. Олардың орта-
сында турып, оларға:
– Тынышлық сизлерге яр бол-
сын! – деди.
20 Буны айтып, оларға қолларын*
ҳәм бүйирин көрсетти. Шәкиртлер
Ийемизди көрип, қатты қуўанды.
21 Ийса оларға және былай деди:
– Тынышлық сизлерге яр бол-
сын! Әкем Мени жибергени сы-
яқлы, Мен де сизлерди жиберип
атырман. 22 Усылай деди де, олар-
ға қарай үплеп:
– Мухаддес Руўхты алыңлар.
23 Сизлер кимниң гүналарын кешир-
сеңлер, Қудай да оның гүналарын ке-
ширеди. Сизлер кимниң гүналарын
кеширмесеңлер, Қудай да оның гү-
наларын кеширмейди, – деди.

### Ийсаның Томасқа көриниўи

24 Он еки шәкирттиң бири, Егиз
деп аталған Томас Ийса келгенде
олардың арасында жоқ еди. 25 Сон-
лықтан басқа шәкиртлер оған:
– Бизлер Ийемизди көрдик, – дести.
Бирақ Томас оларға:
– Оның қолларындағы шеге из-
лерин көрмегенимше, бармағым
менен шеге излерин ҳәм қолларым
менен Оның бүйирин услап көрме-
генимше, исенбеймен, – деди.
26 Бир ҳәптеден соң, Ийсаның
шәкиртлери және үйде жыйнал-
ған еди. Томас та олар менен бирге
еди. Үйдиң қапылары илик болған-
да, Ийса келип, олардың ортасын-
да турды да:
– Тынышлық сизлерге яр бол-
сын! – деди.
27 Соңынан Томасқа:
– Бармағыңды берман соз. Қол-
ларыма қара, қолыңды созып, бү-
йиримди услап көр. Гүманланбай,
исен, – деди.
28 Томас Оған жуўап берип:

– Ийем мениң, Қудайым мениң! –
деди.
29 Ийса оған:
– Сен Мени көргенликтен исен-
диң. Бирақ, көрмей исенгенлер қан-
дай бахытлы! – деди.

### Бул китаптың мақсети

30 Ийса шәкиртлериниң алдын-
да бул китапта жазылмаған басқа
да көп кәраматлы белгилер иследи.
31 Бирақ булар сизлердиң Ийсаның
Масийх, Қудайдың Улы екени-
не исениўиңиз ушын ҳәм исенип,
Оның аты менен өмирге ийе бо-
лыўыңыз ушын жазылды.

### Ийсаның Галилада жети шәкиртине көриниўи

21 1 Буннан соң, Ийса Тибе-
рия көлиниң жағасында
шәкиртлерине және көринди. Бул
былай болды: 2 Шимон Петр, Егиз
деп аталған Томас, Галиланың Ка-
на қаласынан болған Натаниел,
Зебедейдиң уллары ҳәм Ийсаның
шәкиртлеринен және екеўи бирге
еди. 3 Шимон Петр оларға:
– Мен балық аўлаўға кетип бара-
тырман, – деди.
– Бизлер де сениң менен бирге ба-
рамыз, – деди олар.
Олар барып, қайыққа минди. Би-
рақ сол түни ҳеш нәрсе тута ал-
мады.
4 Таң атқанда, көлдиң жаға-
сында Ийса турған еди. Бирақ
шәкиртлери Оның Ийса екенин
билмеди.
5 Ийса олардан:
– Ҳәй, дослар, балығыңыз жоқ
па? – деп сорады.
– Жоқ, – деп жуўап берди олар.
6 – Аўыңызды қайықтың оң жа-
ғына салыңлар, сонда тутасызлар, –
деди Ийса.
Олар аў салып, көп балық тут-
қанлықтан, аўды тартып шығара
алмады.
7 Ийсаның сүйикли шәкирти
Петрге:
– Бул Ийемиз! – деди.
«Бул Ийемиз» дегенди еситкен-
нен, Шимон Петр шапанын түрип
көлге секирди. 8 Ал басқа шәкирт-
лер балық толы аўды сүйреп, қа-
йық пенен келди. Өйткени олар
жағадан шама менен еки жүз шы-
ғанақ узақлықта еди. 9 Олар жаға-
ға шыққанда, ол жерде жағылып
атырған көмирди ҳәм қоздың үс-
тине қойылған балық пенен нан-
ды көрди.
10 Ийса оларға:
– Ҳәзир тутқан балықларыңыз-
дан алып келиңлер, – деди.
11 Шимон Петр қайыққа минип,
балыққа толы аўды жағаға тар-
тып шығарды. Аўда бир жүз елиў
үш ири балық бар еди. Балықлар
соншелли көп болса да, аў жыр-
тылмады. 12 Ийса оларға:
– Келиңлер, азанғы аўқатты жең-
лер, – деди.
Шәкиртлериниң ҳеш қайсысы
Оннан: «Сен кимсең?» – деп сораўға
батына алмады. Себеби Оның Ийе-
миз екенин билетуғын еди. 13 Ийса
жақынырақ келди де, нанды алып,
оларға берди. Балықлар менен де
усылай иследи.
14 Солай етип, бул Ийсаның
өлимнен тирилгенинен соң, шә-
киртлерине үшинши мәрте көри-
ниўи еди.

### Ийсаның Петр менен сөйлесиўи

15 Азаңғы аўқатты жеп болғаннан соң, Ийса Шимон Петрден:
– Юхан улы Шимон, Мени олардан да көбирек сүйесең бе? – деп сорады.
– Аўа, Ийем. Сени жақсы көретуғынымды билесең-ғо, – деди Оған Петр.
Ийса оған:
– Қозыларымды отлат, – деди.
16 Ийса екинши мәрте оннан:
– Юхан улы Шимон, Мени сүйесең бе? – деп сорады.
Петр Оған:
– Аўа, Ийем. Сени жақсы көретуғынымды билесең-ғо, – деди.
Ийса оған:
– Қойларымды бақ, – деди.
17 Үшинши мәрте Ийса оннан:
– Юхан улы Шимон, Мени жақсы көресең бе? – деп сорады.
Петр Оның өзинен үшинши мәрте: «Мени жақсы көресең бе?» – деп сорағанына қапа болды.
– Ийем, Сен ҳәммесин билесең, Сени сүйетуғынымды да билесең, – деди Петр.
Ийса оған былай деди:
– Қозыларымды отлат.
18 Саған шынын, ҳақыйқатын айтаман: жас ўақтында белбеўинди өзиң байлап, қәлеген жериңе баратуғын едиң. Бирақ қартайғанында қолларыңды созып турасаң ҳәм басқа биреў белбеўинди байлап, сени қәлемеген жериңе алып барады.
19 Ийса буны Петрдиң қандай өлим менен Қудайды уллылайтуғынын билдириў ушын айтқан еди. Усыны айтып болып:
– Изиме ер, – деди.
20 Петр артына бурылып, Ийсаның сүйикли шәкиртиниң излерине ерип киятырғанын көрди. Бул – кешки аўқат ўақтында Ийсаның көкирегине сүйенип жатып: «Ийем, Саған ким сатқынлық ислейди?» – деп сораған шәкирт еди.
21 Петр оны көрип, Ийсадан:
– Ийем, оған не болады? – деп сорады.
22 Ийса оған:
– Мен келемен дегенше, оның жасаўын қәлесем, саған не? Сен Мениң изиме ер, – деди.
23 Солай етип, туўысқанлар арасында: «Бул шәкирт өлмейди», – деген сөз тарқалды. Бирақ Ийса Петрге: «Ол өлмейди», – деген жоқ. Ал: «Мен келемен дегенше, оның жасаўын қәлесем, саған не?» – деген еди.
24 Булардың ҳәммеси ҳаққында гүўалық берип, усыларды жазған сол шәкирт. Бизлер оның гүўалығының ҳақыйқат екенин билемиз.
25 Ийса ислеген басқа да көп іслер бар. Егер олар бирме-бир жазылғанда, жазылған китаплар дүньяға сыймас еди, деп ойлайман.

# Елшилердиң ислери

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Бул китапты Лука жазған. Ол елшилер менен жақсы таныс болып, елши Павелдиң көп сапарларында оған жолдас болған. Китапта бизиң эрамыздың I әсириниң орталарында пайда болған биринши исениўши жәмәәтлердиң 30 жыл ишиндеги тарийхы айтылады.

Бул китап Лука жазған Хош Хабардың даўамы болып, елшилердиң хызметлериниң ҳәм биринши жәмәәтлер арқалы Қудайдың ислериниң даўам етип атырғанын көрсетеди.

Және де, бул төрт Хош Хабарды ҳәм елшилердиң хатларын байланыстырыўшы көпир болып, елшилер Петр ҳәм Павелдиң хызмети ҳаққында ҳәм исениўши жәмәәтлерге жазылған жаңа келисимдеги хатлар жазылған ўақытта қандай жағдай болғаны ҳаққында мағлыўмат береди.

Китаптағы ўақыялар Ерусалимнен баслап Римге дейинги аралықта болып өтеди. Луканың бул китапты жазғандағы мақсети тек исениўши жәмәәтлердиң тарийхын жазып қалдырыў емес, ал Ийса Масийхтың Хош Хабарының пүткил дүньяға тарқатылыўы ушын Муқаддес Руўхтың исениўшилер арқалы нелер ислегенин көрсетиўден ибарат еди. Өйткени Ийемиз Ийсаның Өзи: «Бирақ сизлерге Муқаддес Руўх түскенде күш-қуўат аласызлар ҳәм Ерусалимде, пүткил Яҳудияда, Самарияда, ҳәтте, дүньяның шетине дейин Мениң гүўаларым боласызлар», – деген еди (1:8).

Ҳәзир де Муқаддес Руўх Ийса Масийхқа тийисли исениўши жәмәәтлер арқалы солай ис алып бармақта.

---

### Ийсаның аспанға алыныўы

**1** [1-2] Ҳүрметли Теофил!
Мен биринши китабымда
Ийсаның ислеген ислери ҳәм үй-
ретиўге кирискенинен баслап, Өзи
таңлаған елшилерине Муқаддес
Руўх арқалы буйрықлар берген-
нен соң, аспанға алынған күнине
дейин болған ўақыялардың ҳәм-
месин жазған едим. [3] Ол азап ше-
гип өлгеннен кейин, көп исенимли
дәлиллер менен елшилерге Өзи-
ниң қайта тирилгенин көрсетти.

Қырық күн даўамында оларға кө-
ринип, Қудайдың Патшалығына
байланыслы нәрселер ҳаққында
айтты. 4 Олар менен бирге болған-
да мына буйрықты берди:
– Ерусалимнен кетип қалмаң-
лар. Ал өзлериңиз Меннен еситкен
Әкемниң ўәдесиниң орынланыўын
күтиңлер. 5 Себеби Яқыя суў менен
шомылдырған еди, бирақ сизлер
көп күн өтпей Мухаддес Руўх пе-
нен шомылдырыласызлар.
6 Елшилер бирге жыйналғанда,
Ийсадан былай деп сорады:
– Ийем, Израилға патшалықты
ҳәзир қайтарып building бережақсаң ба?
7 Ийса оларға:
– Әкениң Өз бийлиги менен бел-
гилеп қойған ўақыт-мәҳәллерин
билиў сизлерге берилмеген. 8 Би-
рақ сизлерге Мухаддес Руўх түс-
кенде күш-қуўат аласызлар ҳәм
Ерусалимде, пүткил Яҳудияда, Са-
марияда, ҳәтте, дүньяның шетине
дейин Мениң гүўаларым боласыз-
лар, – деди.
9 Ийса усыларды айтып болып,
олардың көз алдында аспанға алын-
ды. Оны бир булт қаплап, олардың
нәзеринен узақластырды.
10 Ийса көтерилип баратырғанда,
олар көзлерин аспанға тигип тур-
ған еди. Бирден олардың қасында
ақ кийимли еки адам пайда болып:
11 – Ҳәй, галилалылар, неге ас-
панға қарап турсызлар? Сизлер-
ден аспанға алынған бул Ийсаның
қалай көтерилгенин көргениңиз-
дей, Ол анық солай қайтып келе-
ди, – деди.

## Матиястың Яҳуданың орнына сайланыўы

12 Буннан соң, елшилер Зәйтүн та-
ўы деп аталған таўдан Ерусалимге
қайтып келди. Бул таў Ерусалимге
жақын болып, бир шақырымдай[a]
жерде жайласқан еди. 13 Қалаға
кирип, өзлери болып атырған үй-
диң жоқарғы қабатына көтерилди.
Олар: Петр, Юхан, Яқып, Андрей,
Филип, Томас, Бартоломей, Матта,
Алпейдиң улы Яқып, ўатансүйер
Шимон ҳәм Яқып улы Яҳуда еди.
14 Булардың ҳәммеси ҳаял-қызлар,
Ийсаның анасы Мәриям ҳәм Оның
туўысқанлары менен бирликте үз-
ликсиз дуўа ететуғын еди.
15 Сол күнлердиң биринде жый-
налған бир жүз жигирмаға шамалас
исениўшилердиң арасынан Петр
орнынан турып былай деди:
16 – Туўысқанларым! Ийсаны ус-
лап алғанларға жолбасшылық еткен
Яҳуда ҳаққында Мухаддес Руўхтың
Даўыт арқалы әўелден билдирген
Мухаддес Жазыўы орынланыўы
керек еди. 17 Яҳуда да бизлердиң
биримиз болып, усы хызметтен үле-
син алған еди.
18 Бул адам өз қылмысының ҳақы-
сына бир егислик жер сатып алды.
Ол сол жерде ет бетинен жығылып,
қарны жарылды ҳәм барлық ишек-
лери ақтарылды. 19 Бул ўақыя Еру-
салим турғынларының ҳәммесине
мәлим болды. Сонлықтан сол егис-
лик жер олардың тилинде «Хакел-
дама» деп аталып, бул атама «Қан
жери» деген мәнисти аңлатады.

---

a **1:12** *Бир шақырымдай* – сөзбе-сөз: бир Шаббат күнлик жол. Яҳудийлердиң диний дәстүри бойынша, Шаббат күни басып өтиўге рухсат етилген аралық.

20 Өйткени Забурда:
«Оның мәканы қаңырап қалсын,
Шатырларында жасаўшы
болмасын»[a].
Және де:
«Оның ислейтуғын ўазыйпасын
басқа биреў ийелесин»[b], –
деп жазылған.
21-22 Сонлықтан оның орнын
ийелейтуғын адам Ийемиз Ийса
бизлер менен бирге болғанда, яғ-
ный Яқыяның суўға шомылдыры-
ўынан[c] баслап, Ийсаның аспанға
алынған күнине дейин, бәрқулла
бизлердиң арамызда болған адам-
лардың бири болыўы керек. Ол
Ийсаның қайта тирилгенине биз-
лер менен бирге гүўа болыўы тийис.
23 Солай етип, еки адам: лақабы
Юстус болған Барсабба деп аталату-
ғын Юсуп ҳәм Матияс усынылды. 24-
25 Соңынан олар былай деп дуўа етти:
– О, Ийемиз, Сен ҳәр бир адам-
ның кеўлин билесең. Усы еки адам-
ның қайсысын елшилик хызметине
таңлағаныңды бизлерге көрсет. Ал
Яҳуда бул хызметти таслап, өзине
ылайықлы жерге кетти.
26 Олар екеўине шек таслағанда,
шек Матиясқа түсти. Солай етип, ол
он бир елшиниң қатарына қосылды.

### Мухаддес Руўхтың түсиўи

**2** 1 Елиўинши күни байрамы[d] кел-
генде, исениўшилердиң ҳәмме-
си бир жерге жыйналды. 2 Тосаттан
аспаннан күшли самал ескендей бо-
лып, бир шаўқым еситилди ҳәм олар
отырған үйди пүткиллей толтырып
жиберди. 3 Оттың жалыны сыяқлы
тиллерге уқсаған бир нәрселер олар-
ға көринип, бөлинип-бөлинип ҳәр
бириниң үстине түсти. 4 Олардың
ҳәммеси Мухаддес Руўхқа толып,
Руўхтың айтқызыўы бойынша басқа
тиллерде сөйлей баслады.
5 Сол ўақытта Ерусалимде дүнья-
ның ҳәр түрли еллеринен келген
диншил яҳудийлер жасайтуғын
еди. 6 Бул сести еситип, көп халық
бир жерге жыйналды. Олардың
ҳәр бири өз тиллеринде айтылған
сөзлерди еситкенликтен ҳайран
болды. 7 Ҳәмме қатты таң қалы-
сып, былай деди:
– Қараңлар, бул сөйлеп атырған-
лардың ҳәммеси галилалы емес пе?
8 Онда қалай олардың бизлердиң
ҳәр биримиздиң туўылған жери-
миздиң тилинде сөйлеп атырға-
нын еситип турмыз? 9 Арамызда
парфиялылар, мидиялылар, элам-
лылар бар. Месопотамияда, Яҳу-
дияда ҳәм Каппадокияда, Понтус
ҳәм Азияда, 10-11 Фрикия ҳәм Пам-
филияда, Мысыр ҳәм Ливияның
Киренеге жақын үлкелеринде жа-
сайтуғынлар бар. Өзлери яҳудий
болған ҳәм яҳудий динине өткен
Римнен келген қонақлар, крит-
лилер ҳәм араблар да бар. Бирақ
бизлер Қудайдың уллы ислери ҳақ-
қында ҳәр биримиз өз тиллеримиз-
де еситип турмыз-ғо.

---

[a] **1:20** Заб 68:26.
[b] **1:20** Заб 108:8.
[c] **1:21-22** *Суўға шомылдырыў* – грек тилинде «баптизо». Бул рәсим адамлардың Қудайдың алдында тәўбе етип, таза өмирди баслаўының нышаны.
[d] **2:1** *Елиўинши күни байрамы* – грекше «Пентикост». Қутқарылыў байрамынан соң, елиў күн толғанда болатуғын байрам.

[12] Олардың ҳәммеси аң-таң бо-
лысып, бир-биринен:
– Буны қалай түсиниўге болады? –
деп сорады.
[13] Ал гейбиреўлери мысқыллап:
– Олар таза шарап ишип, мәс бол-
ған, – дести.

### Петрдиң сөзи

[14] Сонда он бир елши менен бирге
Петр орнынан турды да, бәлент да-
ўыс пенен халыққа қарата сөйледи:
– Яҳудийлер ҳәм пүткил Еруса-
лим турғынлары! Мен буны сиз-
лерге түсиндирейин, сөзлериме
қулақ салыңлар. [15] Бул адамлар
сизлер ойлағандай мәс емес. Се-
беби ҳәзир азанғы саат тоғыз-ғо.
[16] Бирақ бул көрип турғанларыңыз
Иоел пайғамбар арқалы алдын ала
айтылған еди:

17 «Қудай былай дейди:
Ақырғы күнлерде барлық
адамлардың үстине Өз
Руўхымды жаўдыраман.
Улларыңыз ҳәм қызларыңыз
пайғамбаршылық қылады.
Жасларыңыз аянлар, қартайған
адамларыңыз түслер
көреди.
18 Сол күнлерде Өзимниң ер ҳәм
ҳаял хызметшилеримниң
үстине де,
Өз Руўхымды жаўдыраман,
Олар да пайғамбаршылық етеди.
19 Жоқарыда, аспанда таң
қаларлық нәрселер,
Төменде, жер жүзинде
кәраматлы белгилер:
Қан, от ҳәм буркыраған
түтинлерди көрсетемен.
20 Ийемиздиң уллы ҳәм
салтанатлы күни келместен
алдын,
Қуяш қараңғыланып, ай қанға
айланады.
21 Сонда Ийемиздиң атын айтып
шақырған ҳәр бир адам
қутқарылады»[a].

[22] Израиллылар, мына сөзлерге
қулақ салыңлар: хабарыңыз бар,
насыралы Ийса Қудайдың Ол ар-
қалы араңызда ислеген кәрамат-
лары, таң қаларлық ўақыялары
ҳәм кәраматлы белгилери менен
Қудай тәрепинен дәлилленген
Адам еди. [23] Бул Ийса Қудайдың
ерки ҳәм алдын ала белгилегени
бойынша, сизлерге услап берилген
еди. Сизлер Оны Қудайдың Ныза-
мын билмейтуғын басқа миллет
адамларының қолы менен атанақ
ағашқа шегелеп өлтирдиңлер. [24] Ал
Қудай өлим азабының тусаўларын
үзип, Оны тирилтти. Өйткени Оны
өлимниң услап турыўы мүмкин
емес еди. [25] Ол ҳаққында Даўыт
былай деген:

«Көзимди айырмайман
Ийемизден,
Ол оң жағымда болғаны ушын,
Ҳеш қашан сүрникпеспен.
26 Сонлықтан кеўлим қуўанып,
тилим шадланып сөйлейди.
Денем де үмит ишинде
жасайды.
27 Себеби Сен жанымды
өлилер мәканына таслап
кетпейсең,
Өз Мухаддесиңниң шириўине
жол қоймайсаң.
28 Өмир жолын маған көрсетесең,

---

[a] **2:17-21** Иол 2:28-32.

Мени Өз дәргайыңда
қуўанышқа бөлейсең»[a].
29 Туўысқанларым! Мен сизлер-
ге уллы бабамыз Даўыт ҳаққын-
да ашық айта аламан: ол өлди ҳәм
жерленди. Оның қәбири бүгинге
дейин усы жерде, бизлерде сақлан-
ған. 30 Даўыт пайғамбар болған-
лықтан, Қудайдың оған: «Сениң
урпағыңнан Бирин тахтыңа отыр-
ғызаман»[b], – деп ант ишип, ўәде
бергенин билди. 31 Сонлықтан ол
келешекте не болатуғынын көрип,
Масийхтың қайта тирилетуғыны
туўралы былай деген еди:
«Ол өлилер мәканында
қалдырылмады,
Денеси де ширимеди».
32 Қудай усы Ийсаны өлимнен
тирилтти, буған бизлердиң ҳәм-
мемиз гүўамыз. 33 Ол Қудайдың
қүдирети менен аспанда жоқары
ҳүрметке ерисип, Әкеден ўәде етил-
ген Мухаддес Руўхты алды. Ҳәзир
көргениңиз ҳәм еситкениңиз сияқ-
лы, сол Руўхты бизлерге жаўдырды.
34-35 Даўыт аспанға көтерилмеген
болса да былай деген еди:
«Жаратқан Ийе Ийеме айтты:
„Душпанларыңды аяғыңның
астына бастырмағанымша,
Мениң оң жағымда отыр“»[c].
36 Солай етип, пүткил Израил
халқы анық билип қойсын: Қудай
сизлер атанақ ағашқа шегелеген сол
Ийсаны ҳәм Ийемиз, ҳәм Масийх
қылды.
37 Буны еситкенлердиң жүрекле-
рине қанжар суғылғандай болды.
Олар Петр ҳәм басқа елшилерден:
– Туўысқанлар, бизлер не исле-
ўимиз керек? – деп сорады.
38 Петр оларға былай деди:
– Гүналарыңыздың кеширили-
ўи ушын тәўбе етип, ҳәр бириңиз
Ийса Масийхтың аты менен суўға
шомылдырылыңлар. Сонда Му-
хаддес Руўхты сыйға аласызлар.
39 Бул ўәде сизлерге, сизлердиң
балаларыңызға ҳәм алыстағылар-
дың ҳәммесине, яғный Қудайымыз
Жаратқан Ийе шақырған ҳәр бир
адамға берилген.
40 Петр басқа да көп сөзлер менен
оларға гүўалық берип:
– Бул бузық әўладтан қутқары-
лыңлар, – деп өтиниш етти.
41 Оның сөзин қабыл еткенлер
суўға шомылдырылды, сол күни
оларға үш мыңға шамалас адам
қосылды.

### Исениўшилердиң өмири

42 Олар өзлерин елшилердиң тә-
лимине бағышлап, бир-бири ме-
нен қарым-қатнаста болды ҳәм
бирге нан сындырып[d], дуўа ете-
туғын еди. 43 Елшилер арқалы көп
таң қаларлық нәрселер ҳәм кәра-
матлы белгилер көрсетилгенлик-
тен, ҳәммени қорқыныш бийледи.
44 Исениўшилердиң ҳәммеси бирге
болып, ҳәмме нәрсесин орталыққа
қойды. 45 Мал-мүликлерин сатып,

---

a **2:25-28** Заб 15:8-11.
b **2:30** 2Пат 7:12-16; Заб 131:11.
c **2:34-35** Заб 109:1.
d **2:42** *Нан сындырыў* – аўқатланыў ҳәм әсиресе Ийемиз Ийсаның соңғы ке-шесин еслеў.

ҳәр кимниң мүтәжлигине қарай
үлестиретуғын еди. 46 Олар ҳәр кү-
ни бирге Ибадатхананың ҳәўли-
синде жыйналысып, үйлерде нан
сындырысты. Қуўанышлы түрде
ҳақ кеўил менен бирге аўқатлан-
ды. 47 Қудайға мақтаўлар айтып,
пүткил халықтың алғысына бө-
ленди. Ийемиз де қутқарылғанлар-
ды оларға күн сайын қосып барды.

### Аяғы ләң адамның шыпа алыўы

3 1 Бир күни Петр менен Юхан
дуўа етиў ўақтында, түстен ке-
йин саат үште Ибадатханаға баратыр
еди. 2 Сол жерде иштен аяғы ләң бо-
лып туўылған бир адам бар еди. Ол
Ибадатханаға келгенлерден садақа
сораў ушын көтерип әкелинип, ҳәр
күни Ибадатхананың «Гөззал» деген
қапысының қасында отырғызыла-
туғын еди. 3 Бул адам Ибадатхана-
ға кирип баратырған Петр менен
Юханды көрип, олардан садақа со-
рады. 4 Петр менен Юхан оған ти-
гилип қарады. Соңынан Петр оған:
– Бизлерге қара! – деди.
5 Сол адам олардан бир нәрсе
алыўды дәметип, оларға дыққат
пенен тигилип қалды.
6 Петр оған:
– Менде гүмис ҳәм алтын жоқ, би-
рақ саған өзимде барымды бере-
мен. Насыралы Ийса Масийхтың
аты менен буйыраман, жүр! – деп
7 оның оң қолынан услады да, ор-
нынан турғызды. Сол ўақытта-ақ
оның аяқлары менен тобықларына
күш енди. 8 Ол орнынан ушып тур-
ды да, жүре баслады. Былай-былай
жүрип секириўи менен Қудайға ал-
ғыслар айтып, олар менен бирге
Ибадатханаға кирди. 9 Пүткил ха-
лық оның жүрип баратырғанын
ҳәм Қудайды алғыслап атырға-
нын көрип, 10 оның Ибадатхананың
«Гөззал» деген қапысының қасын-
да отырып, тиленшилик ететуғын
адам екенин таныды. Жүз берген
ўақыяға олар қатты ҳайран қалы-
сып, аң-таң болысты.

### Петрдиң Ибадатханадағы сөзи

11 Жаңағы адам Петр менен
Юханнан айырылмай жүргенде,
пүткил халық ҳайран қалысып,
«Сулайманның айўаны» деп ата-
латуғын жерге, олардың қасына
жуўырысып келди. 12 Буны көрген
Петр халыққа қарата былай деди:
– Израиллылар, буған неге
аң-таң болып атырсызлар? Бул
адамды бизлер өз күшимиз ямаса
диншиллигимиз бенен жүргизген-
дей, неге бизлерге тигилип тур-
сызлар? 13 Ибрайымның Қудайы,
Ысақтың Қудайы, Яқыптың
Қудайы, бизиң ата-бабаларымыз-
дың Қудайы Өз хызметшиси
Ийсаны уллылады. Сизлер Оны
услап бердиңлер ҳәм Пилат Оны
босатыўға қарар еткенде, Пилат-
тың алдында Оннан ўаз кештиң-
лер. 14 Мухаддес ҳәм ҳақ Адамнан
ўаз кешип, бир адам өлтириўши-
ниң өзлериңизге босатылып бери-
лиўин талап еттиңлер. 15 Сизлер
Өмир Ийесин өлтирдиңлер, бирақ
Қудай Оны өлимнен тирилтти.
Бизлер буған гүўамыз. 16 Сизлер
көрген ҳәм таныйтуғын бул адам
Ийсаның аты менен, Оның атына
деген исеним менен шыпа тапты.
Ийсаға деген исеним ҳәммеңиздиң

көз алдыңызда оған толық шы-
па берди.
17 Енди туўысқанларым, сиз-
лердиң бул исти басшыларыңыз
сыяқлы билмей ислегениңизди би-
лемен. 18 Бирақ барлық пайғамбар-
лар арқалы Өз Масийхының азап
шегетуғынын алдын ала билдир-
ген Қудай Өз сөзин усылай әмел-
ге асырды. 19-20 Солай етип, тәўбе
етиңлер ҳәм гүналарыңыздың жу-
ўылыўы ушын Қудайға қайтыңлар.
Сонда Жаратқан Ийе сизлерге рә-
ҳәтлениў ўақытларын береди ҳәм
сизлер ушын алдын ала тайын-
ланған Масийхты, яғный Ийсаны
жибереди. 21 Қудайдың әйийемнен
мухаддес пайғамбарлары арқалы
айтқанындай, ҳәмме нәрсениң өз
қәлпине келиўине дейин Ийса ас-
панда болыўы керек. 22 Өйткени
Муўса былай деген еди: «Қудайы-
ңыз Жаратқан Ийе сизлер ушын
туўысқанларыңыздың арасынан
мен сыяқлы бир пайғамбарды шы-
ғарады. Оның айтқан ҳәр бир сө-
зин тыңлаңлар. 23 Сол пайғамбарды
тыңламаған ҳәр бир адам Қудай-
дың халқы арасынан жоқ етиледи»[a].
24 Самуел пайғамбардан бас-
лап, оннан кейин келип сөйлеген
пайғамбарлардың ҳәммеси де усы
күнлер ҳаққында болжаған еди.
25 Сизлер пайғамбарлардың ҳәм
Қудайдың ата-бабаларыңыз бенен
дүзген келисиминиң мийрасхор-
ларысызлар. Себеби Қудай Ибра-
йымға былай деген еди: «Сениң
әўладың арқалы жер жүзиндеги
ҳәмме халықлар жарылқанады»[b].
26 Ҳәр бириңизди жаман жол-
дан қайтарып, сизлерди жарыл-
қаў ушын, Қудай Өзи тайынлаған
хызметшисин ең алды менен сиз-
лерге жиберди.

### Петр ҳәм Юхан жоқарғы кеңес алдында

**4** 1 Петр менен Юхан халыққа
сөйлеп турғанда, руўханийлер,
Ибадатхана сақшыларының бас-
шысы ҳәм саддукейлер[c] олардың
жанына топарласып келди. 2 Өйт-
кени олардың халыққа тәлим берип,
Ийсаның мысалында өлилердиң
қайта тирилетуғынын жәриялағаны-
на қатты ашыўлы еди. 3 Сонлықтан
олар Петр менен Юханды услап ал-
ды да, ертеңине дейин қамап қойды.
Себеби күн кеш болып қалған еди.
4 Бирақ, елшилердиң сөзин еситкен
адамлардың көбиси исенди. Исен-
ген ер адамлардың саны бес мыңға
шамалас еди.
5 Келеси күни яҳудий басшыла-
ры, ақсақаллар ҳәм диний муғал-
лимлер Ерусалимге жыйналды.
6 Бас руўханий Ханна менен Кая-
фа, Юхан, Искендер ҳәм бас руў-
ханийдиң урпағынан болған басқа
адамлар да сол жерде еди. 7 Олар
Петр менен Юханды ортаға тур-
ғызып, олардан:
– Сизлер буны қандай күш пенен
ҳәм кимниң аты менен иследиң-
лер? – деп сорады.
8 Сонда Петр Мухаддес Руўхқа
толып былай деди:

---

[a] **3:22-23** Нзм 18:15, 18-19.
[b] **3:25** Жар 22:18; 26:4.
[c] **4:1** *Саддукейлер* – яҳудийлердиң күшли диний топары.

– Халық басшылары ҳәм ақса-
қаллар! 9 Бул ләң адамға исленген
жақсылық ҳәм оның қалай шыпа
тапқаны ҳаққында бизлер бүгин
тергелип атырған болсақ, 10 онда
сизлердиң ҳәммеңиз ҳәм пүткил
Израил халқы мынаны билип қо-
йыңлар: бул адам сизлер атанақ
ағашқа шегелеген, бирақ Қудай
өлимнен қайта тирилткен насы-
ралы Ийса Масийхтың атының
қүдирети менен сап-саў болып, ал-
дыңызда тур.
11 Сол Ийса ҳаққында Мухаддес
Жазыўда былай деп айтылған:

«Сиз, қурылысшылардың
кереқсиз деп таслаған тасы,
Үйдиң мүйешиниң тийкарғы
тасы болды»[a].

12 Ийсадан басқа ҳеш ким арқалы
қутқарылыў жоқ. Қутқарылыўы-
мыз ушын аспан астында адамлар-
ға берилген басқа ҳеш бир ат жоқ.
13 Кеңес ағзалары Петр менен
Юханның билимсиз ҳәм қара-
пайым адамлар екенин байқап,
олардың батыллығын көргенде
таң қалысты. Олардың Ийса ме-
нен бирге болғанын билди. 14 Би-
рақ шыпа тапқан адамның Петр
ҳәм Юхан менен турғанын көрип,
оларға қарсы ҳеш нәрсе айта ал-
мады. 15 Солай етип, кеңес ағзала-
ры оларға сыртқа шығып кетиўди
буйырды да, соңынан өз ара кеңе-
се баслап:
16 – Бул адамларға не ислесек
екен? Ерусалимде жасайтуғын ҳәр
бир адам олардың анық кәрамат-
лы белги ислегенин биледи. Биз-
лер буны бийкарлай алмаймыз.
17 Бирақ, бул хабардың халық ара-
сында және де көбирек жайылма-
ўы ушын, буннан былай Ийсаның
аты менен ҳеш кимге ҳеш қашан
сөйлемеңлер деп, қорқытып қоя-
йық, – десте.
18 Соңынан оларды шақырып
алып, Ийсаның аты менен ҳеш нәр-
се айтпаўларын ҳәм үйретпеўле-
рин буйырды. 19 Бирақ, Петр менен
Юхан оларға жуўап берип:
– Өзлериңиз ойлап көриң: Қудай-
дың сөзлеринен гөре, сизлердиң
сөзлериңизге қулақ асыў Қудай
алдында дурыс болар ма екен?
20 Бизлер көргенлеримизди ҳәм
еситкенлеримизди айтпай тура ал-
маймыз, – деди.
21 Кеңес ағзалары жазалаў ушын
ҳеш қандай себеп таба алмаған-
лықтан, оларды және қорқытты да,
босатып жиберди. Өйткени болған
ўақыя ушын пүткил халық Қудайға
алғыслар айтып турған еди. 22 Се-
беби кәраматлы шыпа нәтийже-
синде жазылған адамның жасы
қырықтан асқан еди.

## Исениўшилердиң дуўа етиўи

23 Петр менен Юхан босатылған-
нан соң жолдасларына барып, бас
руўханийлер менен ақсақаллар-
дың өзлерине айтқан сөзлериниң
ҳәммесин хабарлады. 24 Олар буны
еситкенде, бир аўыздан Қудайға
қарата бәлент даўыс пенен бы-
лай деди:
– О, Құдиретли Ийемиз! Аспанды,
жерди, теңизди ҳәм олардың ишин-
дегилердиң ҳәммесин Сен жарат-
қансаң. 25 Өз хызметшиң бабамыз

---

[a] **4:11** Заб 117:22.

Даўыттың аўзы менен Мухаддес
Руўх арқалы былай деген едиң:
«Не ушын көтерилис қылады
миллетлер?
Неге бийҳуда жобалар дүзеди
халықлар?
26 Жаратқан Ийеге ҳәм Ол
тайынлаған Масийхқа
қарсы,
Сап тартып турады жер
жүзиндеги патшалар,
Жыйналып, тил бириктиреди
ҳүкимдарлар». [a]
27 Ҳақыйқаттан да, Ҳирод пе-
нен Понтий Пилат бул қалада бас-
қа миллетлер ҳәм Израил халқы
менен бирге Сен тайынлаған му-
хаддес хызметшиң Ийсаға қарсы
топланды. 28 Олар буны Сениң қү-
диретиң ҳәм еркиң менен алдын
ала белгиленгенлерди әмелге асы-
рыў ушын иследи. 29 Енди, О Ийе-
миз, олардың айбат етиўлерине
нәзер салып, Сениң сөзиңди толық
мәртлик пенен айтыўға Өз қулла-
рыңа күш-қуўат бере гөр! 30 Му-
хаддес хызметшиң Ийсаның аты
менен аўырыўларға шыпа бериў
ушын, кәраматлы белгилер ҳәм
таң қаларлық ислер ислеў ушын
қүдиретиңди көрсете гөр!
31 Дуўа етип болғанда, олар жый-
налған жер силкинип кетти. Ҳәм-
меси Мухаддес Руўхқа толып,
Қудайдың сөзин мәртлик пенен
айта баслады.

### Исениўшилердиң аўызбиршилиги

32 Исениўшилер жыйынында-
ғы ҳәмме адам бир жан, бир тән
еди. Ҳеш қайсысы да өз мал-мүл-
кин «меники» демейтуғын еди. Ал
ҳәмме нәрсесин орталыққа қойды.
33 Елшилер Ийемиз Ийсаның қай-
та тирилгени ҳаққында күшли жи-
гер менен, тәсирли түрде гүўалық
беретуғын еди ҳәм олардың ҳәм-
меси Қудайдың уллы мийримине
ийе еди. 34 Олардың арасында жоқ-
шылықта жасайтуғын адам бол-
ған жоқ. Өйткени жерлери ямаса
үйлери барлар оларды сататуғын
еди. Түскен ақшаларын алып келип,
35 елшилердиң қолына салатуғын
еди. Ақшалар ҳәр кимге мүтәжли-
гине қарай үлестирилетуғын еди.
36 Мысалы: Лебий урыўынан
шыққан Юсуп деген кипрли бир
адам бар еди. Елшилер оған Бар-
наба, яғный «Жубаныш бериўши»
дегенди аңлататуғын ат берген еди.
37 Ол өзине тийисли жерди сатты
да, ақшасын әкелип, елшилердиң
қолына салды.

### Ханания ҳәм Сафира

**5** 1 Ал Ханания атлы адам ҳаялы
Сафира менен мал-мүлкин са-
тып, 2 ақшаның бир бөлегин жасы-
рып қалды да, қалған бөлегин әкелип
елшилердиң қолына салды. Буннан
оның ҳаялының да хабары бар еди.
3 Сонда Петр оған былай деди:
– Ханания, неге шайтанға жү-
региңнен орын берип, Мухаддес
Руўхты алдадың ҳәм сатылған жер-
диң ақшасының бир бөлегин алып
қалдың? 4 Жер сатылмай-ақ саған
тийисли емес пе еди? Сатылған-
нан соң да, ақшасын қәлегениңше
жумсаўға еркли емес пе едиң? Неге

---

[a] **4:25-26** Заб 2:1-2.

бундай ис ислеўге нийет еттиң? Сен
адамларды емес, Қудайды алдадың.
5 Ханания бул сөзлерди еси-
тиўден-ақ жерге жығылып, жан
тапсырды. Буны еситкенлердиң
ҳәммесин күшли қорқыныш бий-
леди. 6 Жас жигитлер орынларынан
турып, оның денесин кепинледи де,
алып кетип жерледи.
7 Арадан шама менен үш сааттай
өткенде, болған ўақыядан хабар-
сыз Хананияның ҳаялы ишке ки-
рип келди. 8 Петр оған:
– Маған айтшы, жерди усынша
ақшаға саттыңлар ма? – деди.
– Аўа, соған, – деди ҳаял.
9 Петр оған былай деди:
– Неге Жаратқан Ийениң Руў-
хын сынап көриўге келистиңлер?
Әнекей, күйеўиңди жерлегенлер
есиктен кирип киятыр. Олар сени
де алып кетеди.
10 Ҳаял сол ўақытта-ақ Петрдиң
аяғына жығылып, жан тапсырды.
Ишке кирген жас жигитлер оның
өлип қалғанын көрип, сыртқа алып
кетти де, күйеўиниң қасына жер-
леди. 11 Пүткил исениўшилер жә-
мәәтин ҳәм болған ўақыяларды
еситкенлердиң ҳәммесин күшли
қорқыныш бийледи.

## Елшилердиң көп адамларға шыпа бериўи

12 Халық арасында елшилер ар-
қалы көп кәраматлы белгилер
көрсетилип, таң қаларлық ислер
исленетуғын еди. Исениўшилер-
диң ҳәммеси Сулайманның айўа-
нында жыйналып туратуғын еди.
13 Сырттан оларға қосылыўға ҳеш
кимниң батылы бармайтуғын еди,
бирақ халық оларға көп алғыслар
айтатуғын еди. 14 Және де, Ийе-
мизге исенип, исениўшилерге қо-
сылған ер ҳәм ҳаяллардың саны
барған сайын арта берди. 15 Ҳәтте,
Петр өтип баратырғанда, ҳеш бол-
маса оның саясы аўырыўлардың
бириниң үстине түссин деп, олар-
ды көшелерге шығарып, кәтлер ҳәм
төсеклердиң үстилерине жатқызып
қойды. 16 Ерусалимниң дөгерегин-
деги қалашалардан да көп адамлар
жыйналып, аўырыўларды ҳәм жа-
ўыз руўхлардан азап шеккенлерди
алып келетуғын еди. Олардың ҳәм-
меси шыпа табатуғын еди.

## Елшилердиң қуўдаланыўы

17 Сонда бас руўханий ҳәм оның
тәрепдарларының ҳәммеси, яғный
саддукей топарының ағзалары-
ның қызғаныштан ишлери жанып,
18 елшилерди услатты да, мәмле-
кет қамақханасына қаматып тас-
лады. 19 Бирақ түнде Ийемиздиң
бир периштеси қамақхананың қа-
пыларын ашып, оларды сыртқа
шығарды да:
20 – Барыңлар, Ибадатханада
турып, бул жаңа өмир туўралы
сөзлердиң барлығын халыққа ай-
тыңлар, – деди.
21 Елшилер айтылғанды тыңлап,
таң сәҳәрде Ибадатханаға барды да,
тәлим бере баслады.
Сол ўақытта бас руўханий ҳәм
оның тәрепдарлары келип, жоқар-
ғы кеңестиң адамларын, яғный
Израил халқының барлық ақса-
қалларын жыйналыўға шақырды
ҳәм елшилерди алып келиў ушын
қамақханаға адам жиберди. 22 Би-
рақ, сақшылар қамақханаға бар-
ғанда елшилерди таппай, излерине

қайтып келди де, мыналарды ха-
барлады:
23 – Қамақхананың беккем етип
жабылғанын, қапылардың аўзында
қараўыллардың турғанын көрдик.
Бирақ, қапыларды ашқанымызда,
иштен ҳеш кимди таппадық.
24 Бул сөзлерди еситкен Иба-
датхана сақшыларының басшы-
сы менен бас руўханийлер: «Бул не
болғаны» деп, албырасып қалды.
25 Сонда олардың қасына бир
адам келип:
– Әне, сизлер қамаққа салған
адамлар Ибадатханада тәлим бе-
рип тур, – деп хабарлады.
26 Солай етип, сақшылардың бас-
шысы сақшылар менен бирге кетип,
елшилерди алып келди. Бирақ ха-
лықтың өзлерин тас боран қылыўы-
нан қорқып, оларға зорлық ислемеди.
27 Олар елшилерди алып келип,
жоқарғы кеңестиң алдында тур-
ғызып қойды. Бас руўханий елши-
лерди сораўға тутып:
28 – Бул ат пенен тәлим бермең,
деп қатаң буйырған едик-ғо. Бирақ
сизлер өз тәлиматыңызды пүткил
Ерусалим қаласына жайыпсызлар.
Бул Адамның қанының төгилиўи-
не де бизлерди жуўапкер қылмақ-
шысызлар, – деди.
29 Петр менен басқа елшилер бы-
лай деп жуўап берди:
– Адамларға емес, Қудайға бой-
сыныў тийис! 30 Ата-бабаларымыз-
дың Қудайы сизлер атанақ ағашқа
шегелеп өлтирген Ийсаны қайта
тирилтти. 31 Израилдың тәўбе етип,
гүналарының кеширилиўи ушын,
Қудай Оны Көсем ҳәм Қутқарыўшы
қылып, Өзиниң оң тәрепине көтер-
ди. 32 Бизлер бул ислердиң гүўасы-
мыз. Сондай-ақ, Қудайдың Өзине
бойсынатуғынларға беретуғын Му-
қаддес Руўхы да буларға гүўа.
33 Жоқарғы кеңес ағзалары буны
еситкенде ашыўға минип, елши-
лерди өлтирмекши болды. 34 Би-
рақ, пүткил халықтың ҳүрметине
ийе болған нызам муғаллими Га-
малиел атлы бир парисей[a] кеңесте
орнынан турып, елшилерди аз-маз
ўақытқа сыртқа шығарып турыў-
ды буйырды. 35 Соңынан ол кеңес
ағзаларына былай деди:
– Израиллылар! Бул адамларға
ислейжақ исиңизди абайлап ис-
леңлер. 36 Себеби буннан бурын
өзин уллы деп есаплаған Теудас
атлы бир адам шыққан еди. Оған
төрт жүзге шамалас адам қосылды.
Бирақ ол өлтирилип, изине ерген-
лердиң ҳәммеси тарқап, жоқ болып
кетти. 37 Оннан соң, халықтың еса-
бы алынған күнлерде галилалы
Яҳуда шығып, бир топар адамлар-
ды изине ертти. Ол да өлтирилип,
изине ергенлердиң ҳәммеси тарқап
кетти. 38 Сонлықтан енди сизлерге
айтатуғыным мынаў: бул адамлар-
ға тиймеңлер, оларды тынышына
қойыңлар. Өйткени бул ис-ҳәрекет
адамлардан болса, ол иске аспай-
ды. 39 Бирақ Қудайдан болса, бул
адамларды жоқ қыла алмайсызлар.
Және де, Қудайға қарсы урысыў-
шы болып қалыўыңыз да мүмкин.
40 Кеңес ағзалары Гамалиел-
диң мәсләҳәтин қабыл етти де,

---

a **5:34** *Парисей* – яҳудийлердиң күшли диний топарларының бирине тийисли адам.

елшилерди ишке шақыртып, олар-
ды қамшылатты ҳәм Ийсаның аты
менен ўаз айтпаўды буйырып, бо-
сатып жиберди. 41 Елшилер Ийса-
ның аты себепли масқараланыўға
миясар болғаны ушын жоқарғы
кеңестен қуўанышлы түрде шығып
кетти. 42 Олар ҳәр күни Ибадатха-
нада ҳәм үйме-үй тәлим бериўин,
Ийсаның Масийх екени ҳаққында
Хош Хабарды жәриялаўын тоқтат-
қан жоқ.

### Жети хызметши

6 1 Масийхтың шәкиртлериниң
саны өсип атырған сол күнлерде
грекше сөйлейтуғын исениўши яҳу-
дийлер тәрепинен еврейше сөйлей-
туғын исениўши яҳудийлерге қарсы
наразылық пайда болды. Себеби
күнделикли жәрдем бөлистирил-
генде, олардың жесирлерине кеўил
аўдарылмайтуғын еди. 2 Сонда он
еки елши ҳәмме шәкиртлерди бир
жерге жыйнап:
– Қудайдың сөзин жәриялаў исин
таслап, дастурхан басында хыз-
мет еткенимиз дурыс болмас. 3 Ту-
ўысқанларым! Араңызда жақсы
аты шыққан, Мухаддес Руўх пенен
даналыққа толған жети адамды
таңлаңлар. Оларға усы исти тап-
сырайық. 4 Ал бизлер өзлеримиз-
ди дуўа етиўге ҳәм Қудайдың сөзин
жәриялаўға бағышлайық, – деди.
5 Бул сөз пүткил жәмәәтке унады.
Олар исеними күшли ҳәм Мухад-
дес Руўхқа толы болған Степанды,
және де Филипти, Прохорды, Ни-
канорды, Тимонды, Парменди ҳәм
яҳудий динине өткен антиохия-
лы Николасты сайлап, 6 елшилер-
диң алдында турғызды. Елшилер
олардың үстилерине қолларын қо-
йып, дуўа етти.
7 Солай етип, Қудайдың сөзи
жайылып, Ерусалимдеги шәкирт-
лердиң саны көбейе берди. Руўха-
нийлердиң көбиси де елшилердиң
тәлимин қабыл алып, исене бас-
лады.

### Степанның қолға алыныўы

8 Қудайдың мийрими менен қү-
диретине толы болған Степан ха-
лық арасында уллы таң қаларлық
нәрселер ҳәм кәраматлы белгилер
көрсететуғын еди. 9 Деген менен,
«Қуллықтан азат етилгенлер» де-
ген мәжилисхананың киренели ҳәм
искендериялы айырым ағзалары,
сондай-ақ Киликия менен Азия-
дан болған адамлар Степанға қарсы
шығып, оның менен тартыса бас-
лады. 10 Бирақ ол даналық ҳәм Му-
хаддес Руўх пенен сөйлегенликтен,
олар қарсы тура алмады. 11 Сонда
олар бир неше адамды үгитлеп:
«Оның Муўсаға ҳәм Қудайға тил
тийгизгенин еситтик», – деп айт-
қызды.
12 Солай етип, олар халықты,
ақсақалларды ҳәм диний муғал-
лимлерди өшегистирип, бас салып
Степанды услады да, оны жоқар-
ғы кеңестиң алдына алып келди.
13 Олар әкелген жалған гүўалар:
– Мына адам Ибадатханаға ҳәм
Муўсаның Нызамына үзликсиз
қарсы сөйлеп жүр. 14 Бизлер оның:
«Насыралы Ийса Ибадатхананы
жоқ қылады, Муўсаның бизлерге
берген үрп-әдетлерин өзгертеди», –
дегенин еситтик, – деди.
15 Жоқарғы кеңесте отырғанлар-
дың ҳәммеси Степанның жүзине

тигилип қарап, оның жүзиниң пе-
риштениң жүзине уқсас екенин
көрди.

### Степанның сөзи

**7** [1] Сонда бас руўханий Степаннан:
– Усы дурыс па? – деп сорады.
[2] Степан былай деп жуўап берди:
– Туўысқанларым ҳәм ағаларым,
маған қулақ салыңлар! Бабамыз
Ибрайым Харанға көшип орна-
ласпастан бурын Месопотамияда
болған ўақтында уллы Қудай оған
көринип: [3] «Елиңди ҳәм ағайин-
туўғанларыңды қалдырып, Мен
саған көрсететуғын елге бар»[a], –
деген еди.
[4] Солай етип, Ибрайым калдей-
лердиң елинен шығып, Харанға
орналасты. Әкесиниң өлиминен
кейин, Қудай оны сол жерден алып,
ҳәзир сизлер жасап атырған бул ел-
ге көширди. [5] Деген менен, Қудай
бул жерде оған ҳеш қандай ийелик,
ҳәтте, бир қарыс жер де бермеген
еди. Бирақ, сол ўақытта Ибрайым-
ның баласы жоқ болса да, Қудай
бул жерди оған ҳәм оның урпақла-
рына мүлик қылып беретуғынын
ўәде еткен еди. [6] Және де, Қудай
оған былай деген еди: «Сениң ур-
пақларың жат жерде жат болып,
төрт жүз жыл қуллықта жасай-
ды ҳәм зулымлық көреди. [7] Бирақ
Мен оларды қул еткен халықты
жазалайман. Буннан соң, олар сол
жерден шығып, Маған бул жерде
сыйынады»[b]. [8] Соңынан Қудай Иб-
райым менен мухаддес келисим
дүзип, сүннетлеў рәсимин оның
белгиси қылды. Солай етип, Иб-
райым Ысақтың әкеси болып, оны
сегизинши күни сүннет[c] етти. Ысақ
Яқыптың, Яқып он еки уллы ата-
ларымыздың әкеси болды.
[9] Юсупти күнлеген аталарымыз
оны Мысырға сатып жиберди[d]. Би-
рақ Қудай оның менен бирге болып,
[10] барлық қыйыншылықларынан
қутқарды. Мысыр патшасы фара-
онның алдында оған даналық бер-
ди ҳәм оның мийриминееристирди.
Фараон оны Мысырдың ҳәм сара-
йындағы барлық адамлардың үс-
тинен басшы қылып қойды.
[11] Соңынан пүткил Мысыр ҳәм
Қанан еллеринде ашлық болып,
үлкен қыйыншылықлар басланды.
Ата-бабаларымыз жеўге аўқат та-
ба алмай қалды. [12] Мысырда ғәлле
бар екенин еситкен Яқып аталары-
мызды сол жаққа биринши мәрте
жоллады. [13] Олар Мысырға екинши
мәрте келгенде, Юсуп туўысқанла-
рына өзиниң ким екенин танытты
ҳәм фараонға оның шығысы белги-
ли болды[e]. [14] Юсуп әкеси Яқыпты
ҳәм барлығы жетпис бес адамнан
ибарат болған ҳәмме ағайин-туў-
ғанларын өзине шақыртып алды.
[15] Солай етип, Яқып Мысырға кө-
шип кетти. Оның өзи де, ата-ба-
баларымыз да сол жерде қайтыс
болды. [16] Олардың сүйеги Шехемге

---

[a] **7:3** Жар 12:1.
[b] **7:6-7** Жар 15:13-14.
[c] **7:8** Жар 17:9-14..
[d] **7:9** Жар 37:28.
[e] **7:13** Жар 41:54; 42:1-2; 45:3-4.

алып келинип, Ибрайымның сол
жерде Хамордың улларынан гү-
мис ақшаға сатып алған қәбири-
не қойылды.
[17] Қудайдың Ибрайымға берген
ўәдесиниң орынланатуғын ўақты
жақынлағанда, Мысырдағы халқы-
мыздың саны жүдә көбейип қалған
еди. [18] Сол ўақытта Мысыр тахты-
на Юсупти танымайтуғын басқа
бир патша тахтқа отырды. [19] Ол
халқымыздан ҳийлекерлик пенен
пайдаланып, зулымлық иследи ҳәм
олардың жаңа туўылған балала-
рының тири қалмаўы ушын дала-
ға таслаўға мәжбүрледи.
[20] Сол ўақытта Муўса дүньяға
келди. Ол жүдә сулыў бала болып,
үш ай әкесиниң үйинде бағылды.
[21] Ол далаға тасланғанда, оны фара-
онның қызы таўып алып, өз бала-
сындай қылып тәрбиялап өсирди.
[22] Муўса мысырлылардың барлық
билим тараўларынан тәлим алып,
сөзинде де, исинде де күшли болды.
[23] Ол қырық жасқа толғанда,
оның кеўлинде өз туўысқанлары
болған израиллылардың жағда-
йын барып көриў нийети пайда
болды. [24] Оларға барғанда бир мы-
сырлының израиллыны жәбирлеп
атырғанын көрип, оны жақлады
ҳәм мысырлыны өлтирип, зулым-
лық көрген адам ушын өш алды.
[25] Ол: «Қудайдың мен арқалы өз-
лерин қутқаратуғынын туўысқан-
ларым түсинер», – деп ойлаған еди.
Бирақ олар түсинбеди. [26] Ертеңи-
не Муўса төбелесип атырған еки
израиллыны ушыратып қалғанда,
оларды жарастырмақшы болып:
– Жигитлер, сизлер туўысқансыз-
ғо. Неге бир-бириңизге жәбир бе-
рип атырсызлар? – деди.
[27] Бирақ, жақынына жәбир берген
адам Муўсаны ийтерип жиберип:
– Ким сени бизлердиң үстимиз-
ден басшы ҳәм қазы қылып қойды?
[28] Кеше мысырлыны өлтиргениңдей,
мени де өлтирмекшимисең?[a] – деди.
[29] Бул сөзди еситкенде Муўса
Мидян елине қашып кетип, Мид-
янда жат жерли болып жасады. Ол
сол жерде еки балалы болды.
[30] Қырық жыл өткеннен соң, Си-
най таўының дөгерегиндеги шөлде,
жанып турған путаның жалынын-
да Муўсаға бир периште көринди.
[31] Муўса бул көриниске таң қалды.
Анықлап көриў ушын жақынла-
ғанда, Жаратқан Ийениң: [32] «Мен
сениң ата-бабаларыңның Қудайы-
ман, Ибрайымның, Ысақтың, Яқып-
тың Қудайыман»[b], – деген даўысы
еситилди. Муўса қорққанынан қал-
тырап, қараўға жүрексине алма-
ды. [33] Соңынан Жаратқан Ийе оған
былай деди: «Аяқ кийимиңди шеш,
себеби сен турған жер мухаддес.
[34] Мен халқымның Мысырда азап-
ақырет шегип атырғанын көрдим,
оның наласын еситип, оны қутқарыў
ушын аспаннан түстим. Енди бар,
Мен сени Мысырға жиберемен»[c].
[35] Бул: «Ким сени басшы ҳәм қазы
қылып қойды?» – деп адамлар тән
алмаған – сол Муўса еди. Қудай оны
путада көринген периште арқалы

---

a **7:27-28** Шығ 2:14.
b **7:32** Шығ 3:6.
c **7:33-34** Шығ 3:5, 7-8, 10.

басшы ҳәм қутқарыўшы қылып
жиберди. 36 Мысырда, Қызыл те-
ңизде ҳәм қырық жыл бойы шөлде
таң қаларлық нәрселер ҳәм кәра-
матлы белгилер көрсетип, халық-
ты Мысырдан шығарған усы Муўса
еди. 37 Израил улларына: «Қудай
сизлерге өз туўысқанларыңыздың
арасынан мен сыяқлы бир пайғам-
барды шығарады*»[a], – деген де –
усы Муўса еди. 38 Синай таўында
өзине сөйлеген периштениң сөзле-
рин ата-бабаларымызға жеткиз-
ген ҳәм шөлде жыйналған Израил
халқы менен бирге болған да сол
еди. Ол бизлерге жеткизиў ушын
Қудайдың тири сөзлерин алған еди.
39 Бирақ, ата-бабаларымыз оған
бойсыныўды қәлемеди ҳәм оны тән
алмай, кеўиллери Мысырға аўды.
40 Олар Харонға: «Бизлерди баслап
жүретуғын қудайлардың мүсин-
лерин соғып бер, себеби бизлерди
Мысыр елинен шығарған сол Муў-
саға не болғанын билмеймиз»[b], –
деди. 41 Сол күнлерде олар тананың
мүсинин соғып, сол бутқа қурбан-
лық берди. Олар өз қоллары менен
соққан бутқа қуўанып, кеўил көте-
ристи. 42 Сонлықтан Қудай олар-
дан жүзин терис бурып, оларды
аспан денелерине табыныўға тас-
лап қойды. Бул пайғамбарлардың
китабында жазылғанындай болды:
«Ҳәй, Израил халқы!
Сизлер шөлде қырық жыл бойы,
Маған қурбанлық ҳәм сыйлар
бердиңиз бе?
43 Өзлериңиз табыныў ушын
ислеген бутларды:
Молохтың шатырын ҳәм
қудайыңыз Рефанның
жулдызын
Көтерип жүрдиңлер-ғо.
Сонлықтан Мен сизлерди
Бабилонның аржағына
сүргин қыламан»[c].
44 Ата-бабаларымыздың шөлде
Келисим шатыры бар еди. Муў-
са оны өзине сөйлеген Қудайдың
буйырғанындай, көрген үлги бо-
йынша ислеген еди. 45 Шатыр
әўладтан-әўладқа өтип, ата-ба-
баларымыз Ешуаның басшылы-
ғында Қудай қуўып жиберген
халықлардың жерлерин ийеле-
генде, оны өзлери менен бирге
алып жүрди. Шатыр Даўыттың
заманына дейин болды. 46 Қудай
алдында мийиримге ерискен Да-
ўыт Яқыптың Қудайы ушын мәкан
қурыўға рухсат сорады. 47 Бирақ,
Қудай ушын үй салған Сулайман
болды.
48 Деген менен, Қудай Таала
адамның қолы менен салынған
мәканларда жасамайды. Ол пай-
ғамбар арқалы былай деген еди:
49 «Аспан – Мениң тахтым,
Жер – аяқ басарым,
Сизлер Маған қандай үй салып
бермекшисизлер?
Мениң дем алатуғын орным
қай жерде екен?
50 Булардың ҳәммесин Мениң
қолым жаратпады ма?»[d]

---

[a] **7:37** Нзм 18:15.
[b] **7:40** Шығ 32:1.
[c] **7:42-43** Амо 5:25-27.
[d] **7:49-50** Ийш 66:1-2.

51 Ҳәй, өжетлер, шын кеўил-
ден Қудайға бойсынбайтуғынлар,
Оның сөзин тыңламайтуғынлар!
Сизлер ата-бабаларыңызға уқсап,
Мухаддес Руўхқа бәрқулла қарсы
турасызлар. 52 Ата-бабаларыңыз
пайғамбарлардың қайсы бирин
қуўдаламады? Олар ҳақ Адамның
келиўин алдын ала болжағанларды
да өлтирди-ғо. Сизлер де енди Оған
сатқынлық ислеп, Оны өлтирдиң-
лер. 53 Сизлер периштелер арқалы
берилген Мухаддес Нызамды ал-
саңлар да, оны орынламадыңлар!

### Степанның өлтирилиўи

54 Кеңес ағзалары бул сөзлерди
еситкенде ашыўға минип, Степан-
ға қарсы тислерин қайрады. 55 Ал
Мухаддес Руўхқа толған Степан
көзлерин аспанға тигип, Қудай-
дың салтанатын ҳәм Қудайдың оң
тәрепинде турған Ийсаны көрди.
56 Сонда ол:
– Қараңлар, аспанның ашылға-
нын ҳәм Адам Улының Қудайдың
оң тәрепинде турғанын көрип тур-
ман, – деди.
57 Ал олар қулақларын жаўып,
қатты қышқырысты. Ҳәммеси бир-
ден Степанға топылды да, 58 оны
қаланың сыртына сүйреп шыға-
рып, тас боран қыла баслады. Гү-
ўалар өз кийимлерин Шаул атлы
бир жас жигиттиң аяғының жа-
нына қойды.
59 Олар тас боран қылып атырған-
да, Степан: «Ийем Ийса, руўхымды
қабыл ет», – деп дуўа етти. 60 Соңы-
нан ол дизе бүкти де, бәлент даўыс
пенен: «О Ийем, бул гүнаны олардың
мойнына жүклеме!» – деди. Усыны
айтып болып, ол жан тапсырды.

### Ерусалим жәмәәтиниң қуўдаланыўы

8 1 Степанның өлтирилиўин Шаул
да мақуллаған еди. Сол күнниң
өзинде-ақ, Ерусалимдеги исениўши-
лер жәмәәтине қарсы күшли қуўда-
лаў басланды. Елшилерден басқа
исениўшилердиң ҳәммеси Яҳудия
менен Самария үлкелериниң ҳәм-
ме жерлери бойлап тарқап кетти.
2 Айырым исениўши адамлар Сте-
панды жерлеп, оны қатты азалады.
3 Бирақ Шаул исениўшилер жәмәә-
тине қатты азап берди. Ол үйме-үй
кирип, еркек пе, ҳаял ма, ҳәммесин
сүйреп шығарып, қамаққа салдырды.

### Филип Самарияда

4 Ал тарқалып кеткен исениў-
шилер ел аралап, Қудайдың сөзин
жәриялап жүрди. 5 Филип Сама-
рияның бир қаласына келип, ол
жердегилерге Масийх ҳаққын-
да жәриялады. 6 Филиптиң сөзин
еситкен ҳәм ол көрсеткен кәрамат-
лы белгилерди көрген халық оның
сөзлерин дыққат пенен тыңлады.
7 Өйткени жин урған көп адамлар-
дан жаўыз руўхлар қышқырысып
шығып, көплеген ләң ҳәм ақсақ
болғанлар шыпа табатуғын еди.
8 Солай етип, сол қала үлкен қу-
ўанышқа бөленди.

### Сыйқыршы Шимон

9 Сол қалада көп ўақытлардан бе-
ри сыйқыршылық пенен шуғыл-
ланатуғын, Самария халқын таң
қалдырып киятырған ҳәм өзин ул-
лы адам деп есаплайтуғын Ши-
мон атлы бир адам бар еди. 10 Ең
қарапайым адамлардан баслап ең

абырайлы адамларға дейин, ҳәмме-
си оны дыққат пенен тыңлап: «Он-
да уллы қүдирет деп аталатуғын
Қудайдың қүдирети бар», – дей-
туғын еди. [11] Шимон оларды көп
ўақытлардан бери сыйқыршылық
пенен таң қалдырып киятырған-
лықтан, оны ҳәмме тыңлайтуғын
еди. [12] Бирақ олар Қудайдың Пат-
шалығы ҳәм Ийса Масийхтың аты
ҳаққында Хош Хабарды жәриялa-
ған Филиптиң сөзлерине исенгенде,
еркеклер де, ҳаяллар да суўға шо-
мылдырылды. [13] Шимонның өзи де
исенип суўға шомылдырылғаннан
соң, Филиптиң жанынан айырылма-
ды. Көрсетилген белгилер ҳәм уллы
кәраматларды көрип, ол таң қалды.

[14] Ерусалимдеги елшилер сама-
риялылардың Қудайдың сөзин қа-
был еткенин еситип, оларға Петр
менен Юханды жиберди. [15] Еке-
ўи сол жерге барып, самариялы
исениўшилердиң Мухаддес Руўх-
ты қабыл етиўи ушын дуўа етти.
[16] Себеби еле олардың ҳеш қай-
сысына Мухаддес Руўх түспеген
болып, олар тек Ийемиз Ийсаның
аты менен суўға шомылдырылған
еди. [17] Петр менен Юхан олардың
үстилерине қолларын қойғанда,
олар Мухаддес Руўхты қабыл етти.

[18] Елшилердиң бул қол қойыў ҳә-
рекети менен Мухаддес Руўх бе-
рилгенин көрген Шимон оларға
ақша усынып:

[19] – Маған да усындай қүдирет
бериңлер, мен кимниң үстине қол-
ларымды қойсам да, ол Мухаддес
Руўхты қабыл қылатуғын бол-
сын, – деди.

[20] Бирақ Петр оған былай деди:
– Қудайдың сыйын ақшаға сатып
алыўды ойлағаның ушын, ақшаң
өзиң менен бирге қурып кетсин.
[21] Бул исте сениң пайың да, үлесиң
де жоқ. Өйткени кеўлиң Қудай ал-
дында ҳақ емес. [22] Енди бул жаўыз
нийетиң ушын тәўбе етип, Ийемиз-
ге жалбарын! Мүмкин, кеўлиңдеги
бул нийетти Ол кеширер. [23] Себе-
би сениң ашшы қызғанышқа толы
екениңди ҳәм жаманлықтың шыр-
маўында екениңди көрип турман.

[24] Шимон жуўап берип:
– Мен ушын Ийеге сизлер дуўа
етиңлер, айтқанларыңыздың ҳеш
бири басыма түспесин, – деди.

[25] Петр менен Юхан Ийемиздиң
сөзи ҳаққында гүўалық берип ўаз
айтқаннан соң, Самарияның көп
аўылларында Хош Хабарды жә-
риялап, Ерусалимге қайтты.

### Филип ҳәм эфиопиялы ўәзир

[26] Сонда Ийемиздиң бир периш-
теси Филипке былай деди:
– Орныңнан турып, қубла тәреп-
ке, Ерусалимнен Газаға баратуғын
шөл жолына бар.

[27] Филип орнынан турып, жол-
ға шықты. Сол ўақытта Эфиопия-
ның ҳаял патшасы Кандакияның
ўәзирлеринен бири, оның барлық
қазнасын басқаратуғын бир ақта[a]
сыйыныў ушын Ерусалимге барып,
[28] сол жол менен қайтып киятыр
еди. Ол арбасында Ийшая пайғам-
бардың китабын оқып отырған еди.
[29] Мухаддес Руўх Филипке:
– Барып, сол арбаға жақынлас, –
деди.

---

a **8:27** *Ақта* – пишилген адам.

30 Филип жуўырып арбаның
қасына барғанда, оның Ийшая
пайғамбардың китабын оқып
отырғанын еситип:
– Не оқып отырғаныңды түсине-
сең бе? – деп сорады. 31 Эфиопиялы:
– Биреў маған жол-жорық көрсет-
песе, қалай түсине аламан, – деди
де, Филиптен арбаға минип оты-
рыўды өтиниш етти. 32 Ол Мухад-
дес Жазыўдың мына жерин оқып
отырған еди:

«Ол қой сыяқлы сойылыўға
алып барылды,
Жүн қырқыўшының алдында
қой қалай үндемей турса,
Ол да солай аўзын ашпады.
33 Ол хорланып, әдил ҳүким
алыўдан жуда болды.
Оның урпақларын ким тилге
алады?
Өйткени Оның бул дүньядағы
өмири таўысылды»[a].

34 Ўәзир Филиптен:
– Өтинемен, маған айтшы: пай-
ғамбар ким туўралы айтып атыр?
Өзи туўралы ма ямаса басқа биреў
туўралы ма? – деп сорады.
35 Сонда Филип Мухаддес Жазыў-
дың усы жеринен баслап, Ийса
ҳаққында Хош Хабарды оған ай-
тып берди.
36 Олар жол жүрип киятырғанда,
суў бар жерге келди.
– Мине, бул жерде суў бар-ғо, суў-
ға шомылдырылыўыма не тосқын-
лық қылады? – деди ўәзир.
[37 *] 38 Соңынан арбаны тоқ-
татыўды буйырды. Филип пенен
екеўи суўға түсти ҳәм ол Филиптиң
қолынан суўға шомылдырылды.
39 Олар суўдан шыққанда, Ийемиз-
диң Руўхы Филипти бирден алып
кетип*, ўәзир оны қайтып көрме-
ди. Солай болса да, ол қуўанышлы
түрде жолын даўам етти. 40 Ал Фи-
лип Азот қаласында пайда болды.
Ол Кесарияға барғанша барлық
қалаларды аралап, Хош Хабарды
жәриялап жүрди.

### Шаулдың тәўбе етиўи

*(Елш 22:6-16; 26:12-18)*

9 1 Ал Шаул Ийемиздиң шәкирт-
лерине еле өлим қәўпин туўды-
рып жүрди. Ол бас руўханийге барды
да, 2 Дамасктеги мәжилисханаларға[b]
хатлар жазып бериўин сорады. Сол
жерде Ийсаның жолы менен жүрген
еркек болсын, ҳаял болсын, тапса
оларды услап, Ерусалимге алып ке-
лиў нийетинде еди. 3 Ол жол жүрип
Дамаскке жақынлағанда, тосаттан
аспаннан түскен бир нур оның әти-
рапын жарқыратып жиберди. 4 Шаул
жерге жығылды ҳәм:
– Шаул, Шаул, сен неге Мени қуў-
далап атырсаң? – деген даўысты
еситти.
5 Шаул:
– Сен кимсең, Ийем? – деп сорады.
– Мен – сен қуўдалап атырған
Ийсаман*. 6 Ал енди орныңнан ту-
рып, қалаға бар. Нени ислеў тийис
екенлиги саған айтылады, – деген
даўыс еситилди.
7 Шаул менен киятырғанлардың
тиллери тутылып, тоқтап қалды.

---

a **8:32-33** Ийш 53:7-8.
b **9:2** *Мәжилисхана* – грекше «синагога». Яҳудийлердиң Қудайға хызмет ете-
туғын ҳәм Қудайдың сөзин үйренетуғын орны.

Себеби олар даўысты еситсе де, ҳеш
кимди көрмеген еди. 8 Шаул жерден
турды. Бирақ көзлерин ашқанда,
ҳеш нәрсе көре алмады. Сонлықтан
олар оның қолынан услап, Дамаск-
ке жетеклеп апарды. 9 Оның көзле-
ри үш күн бойы көрмей қалып, ҳеш
нәрсе ишип-жемеди.
10 Дамаскте Ханания атлы Ийса-
ның шәкирти бар еди. Ийемиз оған
көринип:
– Ханания, – деди.
– Ләббәй, Ийем! – деп жуўап бер-
ди ол.
11 Ийемиз оған:
– Орныңнан тур да, «Туўры кө-
ше» деген көшеге барып, Яҳуданың
үйиндеги Шаул атлы бир тарсус-
лы адамды сора. Ол ҳәзир дуўа
етип атыр. 12 Ол өзине көрсетил-
ген аянда жанына Ханания атлы
бир адамның келип, көзлериниң
қайтадан көриўи ушын үстине қол-
ларын қойып дуўа еткенин көрген
еди, – деди.
13 Ханания жуўап берип:
– Ийем! Бул адамның Сениң Еру-
салимдеги мухаддеслерине[a] қан-
ша жаманлық ислегенин мен көп
адамлардан еситкен едим. 14 Бул
жерге де ол Сениң атыңа сыйына-
туғынлардың ҳәммесин тутқынға
алыў ушын, бас руўханийлерден
бийлик алып келген, – деди.
15 Ийемиз оған:
– Бар! Өйткени Мен бул адамды
атымды басқа миллетлерге, патша-
ларға ҳәм Израил улларына жетки-
зиў ушын таңладым. 16 Мениң атым
ушын қаншама азап шегетуғынын
Өзим оған көрсетемен, – деди.
17 Солай етип, Ханания барды да,
сол үйге кирди ҳәм қолларын Ша-
улдың үстине қойып:
– Туўысқаным, Шаул! Саған кия-
тырған жолыңда көринген Ийе-
миз Ийса көзлериңниң ашылып,
Мухаддес Руўхқа толыўың ушын
мени жиберди, – деди.
18 Сол ўақытта-ақ көзлеринен
перде түскендей болып, Шаул жә-
не көре баслады. Ол орнынан ту-
рып, суўға шомылдырылды ҳәм
19 аўқат жеп, күшке енди.

### Шаул Дамаскте ҳәм Ерусалимде

Шаул бир неше күн Дамаскте-
ги шәкиртлердиң жанында қалды.
20 Ол дәрҳал Ийсаның Қудайдың
Улы екенлигин мәжилисханалар-
да жәриялай баслады. 21 Оны есит-
кенлердиң ҳәммеси таң қалысып:
«Мынаў Ерусалимде усы Ийсаның
атына сыйынатуғынларды қырған
адам емес пе? Ол бул жерге де сон-
дай адамларды тутқын етип, бас
руўханийлерге апарыў ушын кел-
ген жоқ па еди?» – дести.
22 Бирақ Шаул күннен-күнге руў-
хый күшке толысып барды. Ийса-
ның Масийх екенлиги ҳаққында
дәлиллер келтирип, Дамаскте жа-
сайтуғын яҳудийлерди таң қалды-
ратуғын еди.
23 Арадан көп күнлер өткенде,
яҳудийлер Шаулды өлтириўге тил
бириктирди. 24 Бирақ, олардың
бул нийети Шаулға белгили бо-
лып қалды. Яҳудийлер оны өл-
тириў ушын күни-түни қаланың
дәрўазасын аңлыды. 25 Деген менен,

---

a **9:13** *Мухаддеслер* – Ийсаға исениўшилер.

Шаулдың шәкиртлери бир күни
түнде оны себетке салды да, қала-
ның дийўалынан түсирип жиберди.
26 Шаул Ерусалимге келип, сол
жердеги шәкиртлерге қосылыўға
тырысты. Бирақ оның Ийсаның
шәкирти болғанына исенбей, олар-
дың ҳәммеси оннан қорқатуғын
еди. 27 Сонда Барнаба оны елши-
лерге ертип келди. Ол Шаулдың
жолда Ийемизди қалай көргенин,
Ийемиздиң оның менен сөйлес-
кенин ҳәм оның Дамаскте қалай
Ийсаның аты менен батыл түрде
ўаз айтқанын оларға айтып берди.
28 Солай етип, Шаул Ерусалимде
олар менен бирге араласып, Ийе-
миздиң аты менен қорқпастан ўаз
айтып жүрди. 29 Ол грекше сөй-
лейтуғын яҳудийлер менен сөй-
лесип, тартысатуғын еди. Ал олар
Шаулды өлтириўге ҳәрекет етти.
30 Туўысқанлар буны билгенде оны
Кесарияға апарып, сол жерден Тар-
сусқа жиберди.
31 Солай етип, пүткил Яҳудия,
Галила ҳәм Самария бойлап исе-
ниўшилер тынышлыққа еристи.
Ийемизден қорқып жасаған жәмә-
әт беккемленип, Мухаддес Руўх-
тың қоллап қуўатлаўы менен саны
өсе берди.

### Энейдиң шыпаланыўы

32 Сонда Петр ел аралап жүрип,
Лиддада жасайтуғын мухаддеслер-
ди көриўге келди. 33 Ол сол жерде
ләң болып сегиз жылдан бери тө-
сек тартып жатырған Эней атлы
бир адамды көрди. 34 Петр оған:
– Эней, Ийса Масийх саған шыпа
береди. Орныңнан турып, төсегиң-
ди жыйна, – деди.
Эней сол ўақытта-ақ орнынан
турды. 35 Лидда ҳәм Шаронда жа-
сайтуғынлардың дерлик ҳәммеси
буны көрип, Ийемиздиң жолы-
на түсти.

### Петрдиң Табитаны тирилтиўи

36 Иоппада Ийсаның шәкирти
болған Табита атлы бир ҳаял бар
еди. Табита – грекше «Доркас», яғ-
ный «жейран» дегенди аңлатады.
Ол ҳәмме ўақыт жақсылық ислеп,
жарлыларға қайыр-садақа бере-
туғын еди. 37 Сол күнлери Табита
аўырып, қайтыс болды. Адамлар
оның денесин жуўып, жоқарыдағы
бөлмеге қойды. 38 Лидда Иоппаға
жақын болғанлықтан, Петрдиң сол
жерде екенин еситкен шәкиртлер
оған еки адамды жиберип: «Тези-
рек бизлерге кел», – деп өтиниш
етти.
39 Петр орнынан турып, олар ме-
нен бирге кетти. Үйге келгенде, оны
жоқарыдағы бөлмеге алып барды.
Барлық жесир ҳаяллар Петрдиң
әтирапына жыйналды. Олар жы-
лап турып, Доркастың өзлери ме-
нен бирге жасаған ўақтында тиккен
ишки кийимлери менен көйлекле-
рин оған көрсетти.
40 Петр ҳәммени сыртқа шығарып
жиберди де, дизе бүгип, дуўа етти.
Соңынан өлиге бурылып:
– Табита, орныңнан тур! – деди.
Ҳаял көзлерин ашты да, Петрди
көрип, тикейип отырды. 41 Петр қо-
лын берип, оны орнынан турғыз-
ды. Соңынан мухаддеслер менен
жесир ҳаялларды шақырды да, ти-
рилген Табитаны оларға көрсетти.
42 Бул ўақыя туўралы хабар пүткил
Иоппаға мәлим болып, көп адамлар

Ийемизге исенди. 43 Петр көп күн
Иоппада, Шимон атлы тери ийлеў-
шиниң үйинде қалды.

### Римли жүзбасы Корнелий

10 1 Кесарияда «Италиялы»
деген әскерий бөлимниң
жүзбасысы болған Корнелий ат-
лы бир адам бар еди. 2 Ол пүткил
шаңарағы менен Қудайдан қорқа-
туғын, диншил адам еди. Халыққа
көп жәрдем берип, Қудайға бәр-
қулла дуўа ететуғын еди. 3 Бир күни
түстен кейин саат үшлер шамасын-
да Қудайдың бир периштесиниң
оған келип: «Корнелий!» деп айт-
қанын ол бир аянда анық көрди.
4 Корнелийди қорқыныш бийлеп,
ол көзлерин периштеге тикти де:
– Неўе, Ийем? – деди.
Periште оған жуўап берип:
– Еткен дуўаларың менен берген
қайыр-садақаларың Қудайға жетип
барды. Қудай оларды есте сақлады.
5 Енди Иоппаға адамларды жибе-
рип, Петр деп аталатуғын Шимон
деген бир адамды шақырт. 6 Ол үйи
теңиз жағасында жайласқан Ши-
мон атлы бир тери ийлеўшиниң
үйинде қонақта*, – деди.
7 Өзи менен сөйлескен периште
кеткенде, Корнелий хызметшиле-
ринен екеўин ҳәм өз жәрдемшиле-
риниң ишинен диншил бир әскерди
шақырды. 8 Оларға ҳәммесин тү-
синдирип, Иоппаға жиберди.

### Петр көрген аян

9 Ертеңине саат он екилер шама-
сында олар жол жүрип қалаға жа-
қынласқанда, Петр дуўа етиў ушын
тамның төбесине шықты. 10 Ол аш
болып, аўқат жегиси келди. Аўқат
таярланып атырғанда, айрықша
жағдайға түсти. 11 Сонда ол аспан-
ның ашылғанын ҳәм дастурхан сы-
яқлы бир нәрсениң төрт мүйеши
асылған ҳалында жерге түсип кия-
тырғанын көрди. 12 Оның ишинде
ҳәр түрли төрт аяқлы жаныўарлар,
жер баўырлаўшылар ҳәм аспан қус-
лары бар еди. 13 Бир даўыс оған:
– Петр, тур. Сойып же, – деди.
14 – Яқ, Ийем. Мен ҳеш қашан ҳа-
рам ямаса мәкириў зат жеген емес-
пен,[a] – деди Петр.
15 Даўыс және екинши рет есити-
лип, Петрге:
– Қудайдың ҳадаллағанын сен
ҳарам деме! – деди.
16 Бул үш мәрте тәкирарланып,
дастурхан дәрҳал аспанға көтери-
лип кетти.
17 Көрген аяның нени аңлата-
туғынын ойлап, Петр ҳайран бо-
лып турғанда, Корнелий жиберген
адамлар Шимонның үйин сорап,
қапының алдында тоқтап қалды.
18 Олар даўыслап:
– Петр деп аталатуғын Шимон усы
жерде турып атыр ма? – деп сорады.
19 Петр еле аян ҳаққында ойла-
нып турғанда, Мухаддес Руўх оған:
– Әне, үш адам сени излеп жүр.
20 Қәне, орныңнан турып, төменге
түс. Ҳеш екиленбестен, олар менен
бирге кет. Себеби оларды Мен жи-
бердим, – деди.
21 Петр төменге түсип, адамларға:
– Сизлер излеп жүрген адам мен
боламан. Қандай жумыс пенен кел-
диңлер? – деди.

---

a **10:14** Леб 11:1-47.

22 Олар Петрге:
– Корнелий деген ҳақ ҳәм Қудай-
дан қорқатуғын, пүткил яҳудий-
лер ҳүрмет ететуғын бир жүзбасы
бар. Оған бир мухаддес перишт е
сени үйине шақыртып, сөзлериң-
ди тыңлаўды буйырыпты, – деди.
23 Сонда Петр оларды ишке ми-
рәт етип, мийман қылды.

### Петр Корнелийдиң үйинде

Ертеңине Петр турып, олар ме-
нен бирге жолға шықты. Иоппада-
ғы туўысқанлардың айырымлары
да оның менен бирге кетти. 24 Олар
келеси күни Кесарияға келди. Кор-
нелий ағайин-туўғанларын ҳәм
жақын досларын жыйнап, оларды
күтип отырған еди. 25 Петр үйге
киргенде, Корнелий оны қарсы ал-
ды да, аяқларына жығылып, оған
табынды. 26 Бирақ Петр оны тур-
ғызып:
– Тур, мен де адамман-ғо, – деди.
27 Петр Корнелий менен сөйле-
сип ишке киргенде, көп адамлар-
дың жыйналып отырғанын көрип,
28 оларға былай деди:
– Яҳудийдиң басқа миллет ада-
мы менен қарым-қатнаста болып,
оған барыўы қадаған екенин би-
лесизлер. Бирақ Қудай маған ҳеш
адамды ҳарам ҳәм иплас демеў ке-
реклигин көрсеткен еди. 29 Сон-
лықтан шақырылғанымда бас
тартпай усы жерге келдим. Енди
мени не себептен шақырғаныңыз-
ды сораўыма бола ма?
30 Корнелий былай деди:
– Төрт күн алдын усындай ўа-
қытта, түстен кейин саат үште үй-
де дуўа етип отыр едим*. Тосаттан
жарқыраған кийимли бир адам
алдымда пайда болып, 31 маған:
«Корнелий! Қудай сениң дуўаңды
еситип, берген қайыр-садақала-
рыңды есте сақлады. 32 Иоппаға
адам жиберип, Петр деп аталату-
ғын Шимонды шақырт. Ол теңиз
жағасында жасайтуғын тери ий-
леўши Шимонның үйинде турып
атыр*», – деди. 33 Сонлықтан мен
сизге дәрриў адам жолладым. Сиз
де келип, жақсы қылдыңыз. Енди
бизлер ҳәммемиз Ийемиздиң сизге
буйырған ҳәр бир нәрсесин тыңлаў
ушын Қудай алдында отырмыз.
34-35 Сонда Петр былай деп сө-
зин баслады:
– Қудайдың адамларды айыр-
майтуғынын, бирақ Өзинен қорқ-
қан ҳәм ҳақ ис ислеўши адамды
миллетине қарамай қабыл ете-
туғынын ҳақыйқаттан түсинип
турман. 36 Қудай Израил халқына
Ийса Масийх арқалы тынышлық
Хош Хабарын жәриялағанын би-
лесизлер. Ийса Масийх – ҳәр бир
адамның Ийеси. 37 Яқыя суўға шо-
мылдырылыўды жәриялағаннан
соң, Галиладан баслап пүткил Яҳу-
дияда болған мына ўақыялардан да
хабарыңыз бар: 38 Қудай насыралы
Ийсаға Мухаддес Руўх ҳәм қүдирет
берип, хызметке тайынлады. Ийса
ҳәмме жерди айланып жақсылық
иследи, шайтанның қол астында
болғанлардың ҳәммесине шыпа
берди. Өйткени Қудай Оның ме-
нен бирге еди. 39 Ийсаның яҳудий-
лердиң үлкесинде ҳәм Ерусалимде
ислеген ислериниң ҳәммесине биз-
лер гүўамыз. Адамлар Оны ата-
нақ ағашқа шегелеп өлтирген еди.
40 Бирақ Қудай Ийсаны үшинши
күни өлимнен тирилтти ҳәм Оның

адамларға көриниўине жол қойды.
41 Ол адамлардың ҳәммесине емес,
ал Қудайдың алдын ала таңлаған
гүўаларына, яғный бизлерге, өлим-
нен қайта тирилгеннен кейин Өзи
менен бирге ишип-жегенлерге кө-
ринди. 42 Ол Өзиниң Қудай тәрепи-
нен тирилерди ҳәм өлилерди ҳүким
етиўши болып тайынланғанын ха-
лыққа жәриялаўымызды ҳәм бул
ҳаққында гүўалық бериўимизди
буйырды. 43 Пайғамбарлардың ҳәм-
меси Ийса ҳаққында гүўалық бе-
рип, Оған исенген ҳәр бир адамның
гүналары Оның аты менен кеши-
рилетуғынын айтқан еди.

44 Петр еле усы сөзлерди сөйлеп
турғанда, Қудайдың сөзлерин есит-
кен ҳәр бир адамның үстине Мухад-
дес Руўх түсти. 45 Петр менен бирге
келген сүннетли исениўшилер Му-
хаддес Руўхтың сыйы басқа мил-
лет адамларының үстилерине де
жаўғанына таң қалысты. 46 Себеби
олардың руўхый тиллерде сөйлеп,
Қудайды алғыслап турғанын еситти.

Сонда Петр:

47 – Булар да анық бизлер сияқ-
лы Мухаддес Руўхты алды. Олар-
дың суўға шомылдырылыўын ким
қадаған ете алады? – деди.

48 Солай етип, Петр олардың
Ийса Масийхтың аты менен суўға
шомылдырылыўын буйырды. Со-
ңынан олар Петрден бир неше күн
қалыўын өтиниш етти.

### Петрдиң болған ўақыяны түсиндириўи

11 1 Елшилер менен Яхудия-
дағы туўысқанлар басқа
миллетлердиң де Қудайдың сөзин
қабыл еткенин еситти. 2 Сонлықтан
Петр Ерусалимге келгенде, сүннет-
ли исениўшилер оны айыплап:

3 – Сен сүннетсиз адамлардың
үйине барып, олар менен бирге аў-
қатланыпсаң! – деди.

4 Сонда Петр сөз баслап, болған
ўақыяны избе-излик пенен айтып
берди:

5 – Мен Иоппа қаласында дуўа
етип отырған едим. Айрықша жағ-
дайға түсип, бир аян көрдим: дас-
турханға уқсаған бир нәрсе төрт
мүйеши асылған ҳалында аспаннан
түсип, мениң жаныма дейин келди.
6 Көзлеримди тигип, дастурханға
дыққат пенен қарадым. Дастур-
ханның ишинде жер жүзинде жа-
саўшы төрт аяқлы жаныўарларды,
жабайы ҳайўанларды, жер баўыр-
лаўшыларды ҳәм аспан қусларын
көрдим. 7 Сонда маған бир даўыс-
тың: «Петр, тур. Сойып же», – деге-
нин еситтим. 8 «Яқ, Ийем! Аўзыма
ҳеш қашан ҳарам ямаса мәкириў
нәрсе алғаным жоқ», – дедим. 9 Да-
ўыс аспаннан екинши мәрте есити-
лип: «Қудайдың ҳадаллағанын сен
ҳарам деме!» – деди.

10 Бул үш мәрте тәкирарланды.
Соңынан ҳәммеси және аспанға
алынды. 11 Тап сол ўақытта Ке-
сариядан маған жиберилген үш
адам мен болып атырған үйдиң
алдында турған еди. 12 Мухаддес
Руўх маған ҳеш екиленбей олар
менен кетиўди айтты. Мына ал-
ты туўысқанымыз да мениң ме-
нен бирге шығып, сол адамның
үйине бардық. 13 Ол бизлерге қа-
лайынша бир периштени көргенин
айтып берди. Периште оның үйин-
де пайда болып, өзине: «Иоппаға
адам жоллап, Петр деп аталатуғын

Шимонды шақырт. 14 Ол саған
сени ҳәм пүткил хожалығыңды
қутқаратуғын сөзлерди айтады», –
депти. 15 Мен сөйлей баслағаннан-
ақ, ең баста бизлердиң үстимизге
түскендей, олардың үстилерине
де Мухаддес Руўх түсти. 16 Сонда
Ийемиздиң мына сөзлери яды-
ма түсти: «Яқыя суў менен шо-
мылдырды, ал сизлер Мухаддес
Руўх пенен шомылдырыласыз-
лар». 17 Солай етип, Қудай Ийе-
миз Ийса Масийхқа исенетуғын
бизлерге берген сыйын оларға да
берсе, Қудайға қарсы шығатуғын-
дай мен ким болыппан?

18 Бул сөзлерди еситип, олар ты-
нышланды. Қудайды алғыслап бы-
лай деди:

– Демек, Қудай басқа миллетлерге
де тәўбе етип, мәңгилик өмирге ийе
болыў мүмкиншилигин берипти.

## Антиохиядағы исениўшилердиң жәмәәти

19 Степан өлтирилген күннен бас-
ланған қуўдалаў себепли тарқалған
исениўшилер Феникия, Кипр ҳәм
Антиохияға шекем барды. Олар
Қудайдың сөзин тек яҳудийлер-
ге жәриялайтуғын еди. 20 Бирақ,
олардың арасынан кипрли ҳәм ки-
ренели айырым адамлар Антио-
хияға барып, греклерге де Ийемиз
Ийса туўралы Хош Хабарды жә-
риялап жүрди. 21 Ийемиздиң қолы
олар менен бирге болғанлықтан,
көп адамлар исенип, Ийемиздиң
жолына түсти. 22 Бул ҳаққында ха-
бар Ерусалимдеги исениўшилер-
диң жәмәәтине жетип барғанда,
олар Барнабаны Антиохияға жи-
берди. 23 Барнаба сол жерге кел-
генде, Қудайдың мийримин көрип
қуўанды. Олардың ҳәммесине Ийе-
мизге шын кеўилден садық бо-
лыңлар, деп ақыл-нәсият берди.
24 Өйткени ол Мухаддес Руўхқа
толған, исеними күшли, жақсы
адам еди. Солай етип, көп адамлар
Ийемизге алып келинди. 25 Сон-
да Барнаба Шаулды излеў ушын
Тарсусқа кетти. 26 Оны таўып, Ан-
тиохияға әкелди. Солай етип, Бар-
наба менен Шаул толық бир жыл
сол жердеги исениўшилер жәмә-
әти менен бирге жыйналып, көп
адамларға тәлим берди. Усы Ан-
тиохия қаласындағы шәкиртлер
биринши мәрте масийхыйлар[a] деп
аталды. 27 Сол күнлери Ерусалим-
нен Антиохияға бир неше пайғам-
барлар келди. 28 Олардан Агабус
атлы биреўи орнынан турды ҳәм
Мухаддес Руўхтан илҳамланып
пүткил жер жүзинде ашлық бо-
латуғынын айтты. Бул ашлық им-
ператор Клавдийдиң[b] заманында
болды. 29 Сонда шәкиртлер Яҳу-
дияда жасайтуғын туўысқанларға
қолларынан келгенинше ақшалай
жәрдем бериўге қарар етти. 30 Олар
жыйналған ақшаларды исениўши-
лер жәмәәтиниң ақсақалларына
Барнаба ҳәм Шаул арқалы жибе-
рип, усы қарарды орынлады.

---

a **11:26** *Масийхыйлар* – грекше христианлар. Яғный, Ийса Масийхты Қутқа-рыўшым ҳәм Ийем деп қабыл еткен исениўши адамлар.

b **11:28** *Император Клавдий* – бизиң эрамыздың 41–54 жылларында Рим императоры болған адам.

### Яқыптың өлими, Петрдиң қамалыўы

**12** 1 Сол ўақытта патша Ҳирод
исениўшилер жәмәәтиниң
гейбир адамларын қуўдалай бас-
лады. 2 Ол Юханның туўысқаны
Яқыпты қылыш пенен өлтирт-
ти. 3 Бунның яҳудий басшыларына
жаққанын көрип, изинен Петрди
де услатпақшы болды. Ашытқы-
сыз нан байрамы[a] күнлери еди.
4 Ҳирод Петрди услатып, қамаққа
салдырды. Оны қараўыллаўды ҳәр
бири төрт әскерден ибарат болған
төрт әскерий топарға тапсырды.
Себеби Қутқарылыў байрамы[b]нан
соң, оны халықтың алдына шыға-
рыў нийетинде еди.
5 Солай етип, Петр қамаққа
алынды. Бирақ исениўшилер жә-
мәәти ол ушын Қудайға бар жиге-
ри менен дуўа етти.

### Петрдиң қамақтан азат болыўы

6 Ҳиродтың Петрди халықтың
алдына шығармақшы болған кү-
нинен алдыңғы күни түнде, ол еки
әскердиң ортасында қос шынжыр
менен байлаўлы ҳалында уйықлап
атыр еди. Қапының аўзында турған
қараўыллар да қамақты қараўыл-
лап тур еди. 7 Тосаттан Ийемиз-
диң бир периштеси пайда болып,
қамақтың иши жарқырап кетти.
Перииште Петрдиң бүйиринен
түртип, оны оятты да:
– Тез орныңнан тур, – дегенде,
Петрдиң қолларындағы шынжыр-
лар шешилип, түсип кетти. 8 Пе-
ришто оған:
– Белиңди буўып, аяқ кийимиң-
ди кий, – деди. Петр усылай исле-
ди. Перииште оған:
– Шапаныңды кийип, мениң изи-
ме ер, – деди.
9 Петр қамақханадан шығып, оның
изине ерди. Бирақ, периштениң қы-
лып атырған ислериниң оңында бо-
лып атырғанын билмей, аян көрип
турман, деп ойлады. 10 Олар бирин-
ши ҳәм екинши қараўыллардан өтип,
қалаға шығатуғын темир дәрўаза-
ға келди. Дәрўаза оларға өз-өзинен
ашылды. Олар сыртқа шығып бир
көше өткенде, перииште бирден Петр-
диң жанынан ғайып болды.
11 Сонда өзине келген Петр: «Ийе-
миздиң Өз периштесин жиберип,
мени Ҳиродтың қолынан ҳәм
яҳудий халқының мениң басыма
түсиўин, деп күткен барлық бәле-
лерден қутқарғанын енди ҳақый-
қаттан түсинип турман», – деди.
12 Петр буны түсингеннен соң,
Марк деп аталатуғын Юханның
анасы Мәриямның үйине кетти. Ол
жерде көп адамлар жыйналып, дуўа
етип отырған еди. 13 Петр сыртқы
қапыны қаққанда, Рода атлы бир
хызметши қыз ким екенин билиў
ушын қапыға келди. 14 Ол Петрдиң
даўысын таныл, қатты қуўанғаны-
нан қапыны ашпай, қайтадан ишке
жуўырып: «Петр қапының алдын-
да тур», – деп хабар берди.
15 «Есиң дурыс па?» – дести оған.
Ал қыз сөзинде турып алғанлықтан,
олар: «Бул оның периштеси», – деди.

---

[a] **12:3** *Ашытқысыз нан байрамы* – сөзликке қараң.
[b] **12:4** *Қутқарылыў байрамы* – сөзликке қараң.

16 Бирақ Петр қапыны қағыўды
даўам етти. Олар қапыны ашып,
оны көргенде ҳайран қалды. 17 Петр
оларға үндемеўлерин қолы менен
ымлап көрсетти де, Ийемиздиң
оны қамақтан қалай шығарғанын
айтып берди. Соңынан: «Бул хабар-
ларды Яқыпқа ҳәм басқа туўысқан-
ларымызға жеткизиңлер», – деп,
сол жерден шығып, басқа жаққа
кетти.

18 Таң атқанда, Петрге не болға-
нын түсинбей, әскерлер қатты ал-
бырасты. 19 Ҳирод Петрди излетти.
Таба алмағаннан соң, қараўыллар-
ды сораўға тутып, оларды өлтириў-
ди буйырды.

## Ҳирод патшаның өлими

Буннан соң, Ҳирод Яҳудиядан
Кесарияға кетип, бир қанша ўа-
қыт сол жерде қалды. 20 Ол Тир
ҳәм Сидон турғынларына қәҳәр-
ли еди. Сонда олар өз ара кели-
сип, Ҳиродқа келди. Патшаның
исенимли хызметшиси Бластусты
өз тәреплерине аўдарып, жарасты-
рыўды сорады. Өйткени олардың
үлкесиниң азық-аўқаты патшаның
үлкесинен ғәрезли еди.

21 Белгиленген күнде патшалық
липасларын кийген Ҳирод тахты-
на отырды да, халыққа сөз сөйле-
ди. 22 Сонда халық: «Бул адамның
даўысы емес, қудайдың даўысы», –
деп бақырысты. 23 Сол ўақытта-ақ
Ийемиздиң бир периштеси Ҳи-
родты урып жиберди. Себеби ол
Қудайға бериў керек болған даңқты
өзи алған еди. Сонда оның денесин
қуртлар кемирип, ол жан тапсырды.

24 Ал Қудайдың сөзи жайылып,
исениўшилердиң саны арта берди.

25 Тапсырманы орынлаған Бар-
наба менен Шаўл Марк деп атала-
туғын Юханды өзлери менен бирге
алып, Ерусалимнен қайтып келди.

## Барнаба менен Шаўлдың хызметке жиберилиўи

13 1 Антиохиядағы исениўши-
лер жәмәәтинде пайғамбар-
лар ҳәм муғаллимлер бар еди. Олар:
Барнаба, Нигер деп аталатуғын
Шимон, киренели Лукий, үлке пат-
шасы Ҳирод пенен бирге тәрбия-
ланған Манаин ҳәм Шаўл. 2 Олар
Ийемизге сыйынып, ораза тутып
отырғанда, Муқаддес Руўх былай
деди: «Мен шақырған ис ушын, Ма-
ған Барнаба менен Шаўлды ажыра-
тып бериңлер». 3 Солай етип, олар
ораза тутып, дуўа еткеннен соң,
Барнаба менен Шаўлдың үстине
қолларын қойды ҳәм оларды жолға
шығарып салды.

## Кипр атаўында

4 Муқаддес Руўх тәрепинен жи-
берилген Барнаба менен Шаўл Се-
левкияға барып, сол жерден кеме
менен Кипрге жүзип өтти. 5 Олар
атаўдағы Саламис деген қалаға
келип, яҳудийлердиң мәжилис-
ханаларында Қудайдың сөзин
жәриялады. Марк деп аталатуғын
Юхан да олар менен бирге болып,
оларға хызмет етип жүрди.

6 Олар пүткил атаўды бастан-аяқ
басып өтип, Папосқа келди. Сол
жерде Барешу атлы сыйқыршы ҳәм
жалған пайғамбар болған бир яҳу-
дийди ушыратты. 7 Ол ҳәким Сер-
гий Павелдиң кеңесгөйи болып,
оның менен бирге жүретуғын еди.
Ҳәким ақыллы адам болғанлықтан,

Барнаба менен Шаулды шақыр-
тып, Қудайдың сөзин тыңламақшы
болды. 8 Бирақ, грек тилинде аты
Элимас болған жаңағы сыйқыршы
оларға қарсылық көрсетип, ҳәким-
ниң исениўине тосқынлық етиўге
тырысты. 9 Сонда Мухаддес Руўх-
қа толған Шаул, яғный Павел көз-
лерин Элимасқа тигип:

10 – Ҳәй, кеўли ҳәр қыйлы ҳийле
менен жалғанға толы шайтанның
баласы! Сен ҳәр қандай ҳақыйқат-
лықтың душпанысаң! Ийемиздиң
туўры жолларын бурмалаўды қоя-
саң ба, жоқ па? 11 Мине, енди Ийе-
миз саған қарсы қолын көтерди.
Сен соқыр болып қалып, бир қан-
ша ўақыт қуяш жақтысын көре ал-
майтуғын боласаң, – деди.

Сол ўақытта-ақ оның көзлерин
қараңғы түнек қаплады ҳәм ол қо-
лынан услап өзин жетелейтуғын
адамды излеп, әтирапын қарма-
лай баслады. 12 Ҳәким болған ўа-
қыяны көрип, исенди. Өйткени
Ийемиз туўралы тәлиматқа ҳай-
ран қалған еди.

### Писидияның Антиохия қаласында

13 Павел менен оның жолдаслары
Папостан кемеге минип, Памфи-
лияның Пергия қаласына кел-
ди. Ал Юхан оларды қалдырып,
Ерусалимге қайтып кетти. 14 Олар
Пергиядан жолын даўам етип, Пи-
сидияның Антиохия қаласына
барды. Шаббат күни мәжилисха-
наға кирип отырды. 15 Мухаддес
Нызам ҳәм пайғамбарлардың
Жазыўларынан оқылғаннан соң,
мәжилисхананың басшылары
оларға: «Туўысқанлар, халыққа
айтатуғын нәсият сөзлериңиз бол-
са, мәрҳәмат, айтыңлар», – деп ха-
барлады.

16 Павел орнынан турды да, қо-
лы менен ишарат етип былай деди:

– Ҳәй, израиллылар ҳәм Қудайға
сыйынатуғын басқа миллет адам-
лары, тыңлаңлар! 17 Бул Израил
халқының Қудайы бизиң ата-ба-
баларымызды таңлап, олар Мы-
сыр елинде жат болып жасағанда,
оларды үлкен халық қылды. Со-
ңынан Өзиниң қүдиретли қолы
менен оларды сол жерден алып
шықты. 18 Шөлде шама менен қы-
рық жыл олардың қыңырлығына
шыдады. 19 Қанан жеринде жети
миллетти жоқ қылып, олардың же-
рин Өз халқына мүлик етип берди.
20 Булардың ҳәммеси төрт жүз елиў
жылдай даўам етти.

Соңынан Қудай Самуел пайғам-
бардың заманына дейин оларға
бийлерди берди[a]. 21 Буннан кейин
халық патша сорағанда, Қудай
оларға Бенямин урыўынан бол-
ған Киштиң улы Шаулды берди.
Шаул қырық жыл патшалық етти.
22 Қудай оны тахттан түсиргеннен
соң, оларға Даўытты патша етип
қойды. Қудай ол туўралы мынадай
гүўалық берди: «Мен кеўлимде-
гидей бир адамды, Ишай улы Да-
ўытты таптым. Ол Мениң ҳәр бир
тилегимди орынлайды»[b].

23 Қудай Өз ўәдеси бойын-
ша оның урпағынан Израилдың

---

a **13:20** Бий 2:16.
b **13:22** 1Пат 13:14; Заб 88:21.

Қутқарыўшысы Ийсаны шығар-
ды. 24 Ийса келместен бурын Яқыя
пүткил Израил халқына тәўбе етип
суўға шомылдырылыўды жәрия-
лады. 25 Яқыя хызметин тамам-
лаўға шамаласқанда былай деген
еди: «Мени ким деп ойлайсызлар?
Мен Масийх емеспен. Ол меннен
кейин келеди. Мен Оның аяқ ки-
йиминиң баўын шешиўге де ыла-
йықлы емеспен»[a].
26 Туўысқанларым, Ибрайым-
ның урпақлары ҳәм Қудайға сыйы-
натуғын басқа миллет адамлары!
Бул қутқарылыў сөзлери бизлерге
жиберилген. 27 Ерусалимде жасай-
туғынлар ҳәм олардың басшылары
Ийсаның ким екенин билмеди ҳәм
ҳәр Шаббат күни оқылатуғын пай-
ғамбарлардың Ол туўралы жазған
сөзлерин түсинбеди. Сонлықтан
олар Ийсаны ҳүким етип, пай-
ғамбарлардың сөзлерин әмелге
асырды. 28 Оннан өлим жазасына
ылайықлы ҳеш қандай айып та-
ба алмаса да, Пилаттан Оны өл-
тириўди сорады. 29 Ол ҳаққында
жазылғанлардың ҳәммесин орын-
лағаннан соң, олар Оны атанақ
ағаштан түсирип, қәбирге қойды.
30 Бирақ, Қудай Оны өлимнен ти-
рилтти. 31 Ийса Өзи менен Гали-
ладан Ерусалимге келгенлерге көп
күнлер даўамында көринип жүрди.
Енди бул адамлар халық алдында
Оның гүўалары болды.
32 Бизлер де сизлерге Қудайдың
ата-бабаларымызға ўәде еткен Хош
Хабарын жәриялап атырмыз. 33 Ол
Ийсаны тирилтиўи арқалы олар-
дың урпақлары болған бизлер
ушын сол ўәдени әмелге асырды.
Забурдың екинши жырында бы-
лай деп жазылған:

«Сен Мениң Улымсаң,
Бүгин Мен Саған Әке болдым»[b].

34 Ийсаны ҳеш қашан ширит-
пей, өлимнен қайта тирилтету-
ғыны ҳаққында Қудай былай деген:

«Мен сизлерге Даўытқа ўәде
еткен,
Мухаддес ҳәм ҳақыйқый
жарылқаўымды беремен»[c].

35 Сонлықтан басқа бир жерде
былай делинген:

«Өз Мухаддесиңниң шириўине
жол қоймайсаң»[d].

36 Даўыт өз заманында Қудайдың
ерки бойынша хызмет еткеннен
соң көз жумып, өз ата-бабалары-
ның қасына қойылды ҳәм денеси
ширип кетти. 37 Бирақ, Қудай ти-
рилткен Адамның денеси шириме-
ди. 38 Солай етип, туўысқанларым,
мынаны билип алыңлар: гүнала-
рыңыздың усы Ийса арқалы кеши-
рилетуғыны сизлерге жәрияланып
атыр. 39 Муўсаның Нызамы менен
сизлер ҳеш бир гүнадан ақлана ал-
мас единиз. Бирақ Ийсаға исенген
ҳәр бир адам Ол арқалы ақланады.
40 Енди абайлы болыңлар! Пайғам-
барлардың айтқан мына сөзлери
басыңызға түспесин:

41 «Қараңлар, ҳәй, сурбетлер,
Таң қалысып, набыт болыңлар!

---

a **13:25** Юхн 1:20; Лук 3:15-16.
b **13:33** Заб 2:7.
c **13:34** Ийш 55:3.
d **13:35** Заб 15:10.

Сизлер жасаған дәўирде бир ис
қыламан,
Оны биреў сизлерге айтып
берсе де, исенбес
едиңлер»[a].
42 Павел менен Барнаба мәжи-
лисханадан шығып баратырғанда,
адамлар олардан келеси Шаббат
күни де усылар ҳаққында айтыўын
өтиниш етти. 43 Мәжилисханада-
ғы халық тарқағанда, яҳудийлер
ҳәм яҳудий динине өткен Қудайға
сыйынатуғынлардың көбиси Па-
вел менен Барнабаға ерип жүрди.
Павел менен Барнаба олар менен
сөйлесип, Қудайдың мийримине
сүйенип жасаўды үгит-нәсият етти.
44 Келеси Шаббат күни қала хал-
қының дерлик ҳәммеси Ийемиздиң
сөзин тыңлаў ушын жыйналды.
45 Бирақ яҳудийлер сонша халық-
ты көрип, қызғанышқа толды. Па-
велдиң сөзлерине қарсы шығып,
оны мазақ етти.
46 Сонда Павел менен Барнаба
батырлық пенен жуўап қайтарып
былай деди:
– Қудайдың сөзин дәслеп сизлерге
жәриялаўымыз керек еди. Сизлер
оны қабыл алмағанлықтан ҳәм өз-
лериңизди мәңгилик өмирге ыла-
йықлы көрмегенликтен, бизлер
енди басқа миллетлерге кетемиз.
47 Өйткени Ийемиз бизлерге бы-
лай деп буйырған еди:
«Жердиң шетине дейин
қутқарылыўә келиўиң
ушын,
Сени басқа миллетлер ушын
нур етип қойдым». [b]
48 Басқа миллет адамлары буны
еситкенде қуўанып кетип, Ийемиз-
диң сөзин алғыслады. Мәңгилик
өмир ушын таңланғанлардың ҳәм-
меси исенди. 49 Солай етип, Ийе-
миздиң сөзи пүткил үлке бойлап
жайылды. 50 Бирақ яҳудийлер
Қудайға сыйынатуғын ҳүрметли
ҳаялларды ҳәм қала басшыларын
үгитлеп, Павел менен Барнабаға
қарсы қойды ҳәм оларды қуўда-
латып, үлкеден қуўдырып жибер-
ди. 51 Сонда Павел менен Барнаба
оларға қарсы ескертиў ретинде
аяқларының шаңын қағып, Ико-
нияға кетти. 52 Ал шәкиртлер қуўа-
нышқа ҳәм Мухаддес Руўхқа толып
таса берди.

### Иконияда

14 1 Иконияда Павел менен
Барнаба әдеттегидей яҳудий-
лердиң мәжилисханасына барып,
сондай тәсирли ўаз айтқанлықтан,
яҳудийлерден де, греклерден де көп
адам исенди. 2 Бирақ, исенбейтуғын
яҳудийлер басқа миллет адамларын
туўысқанларға қарсы өшегистирип,
олардың ақыл-ойын уўлады. 3 Па-
вел менен Барнаба ол жерде узақ
ўақыт қалды ҳәм Ийемизге сүйе-
нип, Қудайдың сөзин батырлық
пенен айтып жүрди. Ийемиз олар
арқалы кәраматлы белгилер ҳәм
таң қаларлық нәрселерди көрсетип,
Өз мийрими ҳаққында сөзлерди
тастыйықлады. 4 Қала халқы еки-
ге бөлинип, гейбиреўлери яҳудий-
лердиң, гейбиреўлери елшилердиң
тәрепине өтти. 5 Яҳудийлер менен

[a] **13:41** Хаб 1:5.
[b] **13:47** Ийш 49:6.

басқа миллет адамлары өз басшы-
лары менен бирликте елшилер-
ге жәбир берип, оларды тас боран
қылмақшы болды. 6 Бирақ буны
билип қойған Павел менен Барнаба
Ликаонияның Листра ҳәм Дербе қа-
лаларына ҳәм сол әтирапларға қа-
шып барып, 7 сол жерлерде де Хош
Хабарды жәриялаўды даўам етти.

### Листра ҳәм Дербеде

8 Листрада еки аяғы ләң бир адам
бар еди. Ол иштен ләң болып ту-
ўылып, ҳеш қашан жүрмеген еди.
9 Бул адам Павелдиң сөзлерин тың-
лап отырғанда, Павел оған тигилип
қарап, шыпа табатуғынына исени-
ми бар екенин көрди де, 10 қатты
даўыслап:
– Аяқларыңда тик тур*, – деди.
Сол адам орнынан ушып турды да,
жүре баслады.
11 Халық Павелдиң ислеген исин
көргенде, ликаония тилинде:
– Қудайлар адам пишинине енип,
бизлерге келипти, – деп бақырыс-
ты.
12 Олар Барнабаны Зевс, Павел-
ди сөз сөйлегени ушын Ҳермес
деп атады. 13 Қаланың сыртын-
да жайласқан Зевс ибадатханасы-
ның рууханийи қала дәрўазасына
өгизлерди ҳәм гүл шеңберлерин
алып келди де, халық пенен бир-
ликте елшилерге қурбанлық бер-
мекши болды.
14 Бирақ елшилер – Барнаба ме-
нен Павел буны еситкенде ки-
йимлерин жыртып, көпшиликтиң
арасына өзлерин урды да, былай
деп бақырды:
15 – Адамлар! Неге бундай ис-
леп атырсызлар? Бизлер де сизлер
сыяқлы адамлармыз! Сизлердиң
бул мәниссиз нәрселерди таслап,
аспанды, жерди, теңизди ҳәм олар-
дың ишиндегилердиң ҳәммесин
жаратқан тири Қудайға жүз бу-
рыўыңыз ушын Хош Хабарды жә-
риялап атырмыз. 16 Қудай өткен
әўладлардың ўақтында барлық
миллетлерди өз өмир жоллары ме-
нен жүриўге қалдырды. 17 Соған қа-
рамастан, Өзи ҳаққында гүўалық
бериўди тоқтатпай, сизлерге жақ-
сылық ислеп келмекте: Ол аспан-
нан жаўын жаўдырып, жемислерге
бай мәўсимлерди береди. Сизлерди
азық пенен тойдырып, жүрегиңиз-
ди қуўанышқа толтырады.
18 Усы сөзлер менен, олар өзле-
рине қурбанлық бермеўге халық-
ты зорға дегенде көндирди*.
19 Бирақ Писидияның Антиохия
ҳәм Икония қалаларынан келген
айырым яҳудийлер халықты өз
тәрепине аўдырып*, Павелди тас
боран қылды. Оны өлди деп ойлап,
қаланың сыртына сүйреп шығарып
таслады. 20 Деген менен, шәкиртлер
әтирапына жыйналғанда, Павел
өзине келип орнынан турды да, қа-
лаға қайтты. Ертеңине ол Барнаба
менен бирге Дербеге кетти.

### Сирия Антиохиясына қайтыў

21 Олар Хош Хабарды Дербе қа-
ласында жәриялап, көп шәкирт
арттырғаннан соң, Писидияда-
ғы Листра, Икония ҳәм Антио-
хия қалаларына қайтып келди.
22 Жол-жөнекей шәкиртлердиң
жанларына күш-қуўат берип,
исенимде беккем турыўды үгит-
нәсият етти де: «Қудайдың Пат-
шалығына кириўимиз ушын, көп

қыйыншылықлардан өтиўимиз ти-
йис», – деди. 23 Павел менен Бар-
наба ҳәр бир исениўши жәмәәтте
ақсақалларды тайынлады. Ораза
тутып, дууа еткеннен соң, оларды
өзлери исенетуғын Ийемиздиң қо-
лына тапсырды.
24 Соңынан олар Писидия үлкеси
арқалы өтип, Памфилия үлкесине
келди. 25 Пергияда Қудайдың сө-
зин жәриялағаннан соң, Анталия-
ға кетти. 26 Сол жерден кеме менен
Антиохияға қайтты. Бул қалада Па-
вел менен Барнаба өзлерине тап-
сырылған хызметти ислеў ушын
өзлерин Қудайдың мийримине ба-
ғышлаған еди. Олар сол исти енди
орынлады. 27 Ол жерге жеткенде,
олар исениўшилер жәмәәтин бир
жерге жыйнап, Қудайдың өзле-
ри арқалы нелер ислегенин, басқа
миллетлерге исеним қапысын қа-
лай ашқанын билдирди. 28 Олар сол
жердеги шәкиртлер менен бирге
узақ ўақыт қалды.

### Ерусалимдеги қурылтай

15 1 Яҳудиядан Антиохияға
гейбир исениўшилер ке-
лип, туўысқанларға: «Егер Муў-
саның үрп-әдети бойынша сүннет
етилмесеңлер, қутқарыла алмай-
сызлар», – деп тәлим бере бас-
лады. 2 Павел ҳәм Барнаба олар
менен айтысып, қатты тартысып
қалды. Ақырында Павел ҳәм Бар-
набаға, және де олар менен бирге
басқа бир неше туўысқанға Еруса-
лимдеги елшилер менен ақсақал-
ларға барып, усы мәселени шешиў
тапсырылды. 3 Солай етип, олар
исениўшилер жәмәәти тәрепинен
жиберилип, Феникия ҳәм Сама-
рия үлкелеринен өтти. Жол-жө-
некей басқа миллетлердиң тәўбе
еткенин айтып, сол жердеги ту-
ўысқанларға үлкен қуўаныш ба-
ғышлады. 4 Ерусалимге келгенде,
олар исениўшилер жәмәәти, ел-
шилер ҳәм ақсақаллар тәрепинен
жақсы қабыл етилди. Қудайдың
өзлери арқалы ислеген ҳәмме нәр-
сесин* оларға билдирди.
5 Бирақ, парисейлер[a] арасынан
шыққан айырым исениўшилер
орынларынан турып:
– Исениўши болған басқа миллет
адамлары да сүннет етилип, олар-
ға Муўсаның Нызамын орынлаўды
буйырыў тийис, – деди.
6 Елшилер менен ақсақаллар бул
мәселе бойынша мәсләҳәтлесиў
ушын жыйналды. 7 Узақ талқы-
лаўдан соң Петр орнынан турып,
оларға былай деди:
– Туўысқанлар! Басқа миллетлер-
диң Хош Хабарды мениң аўзымнан
еситип исениўи ушын, Қудай көп
ўақыт бурын араңыздан мени таң-
лағанын билесизлер. 8 Адамның
кеўлин билетуғын Қудай Мухад-
дес Руўхты бизлерге бергени сы-
яқлы, басқа миллетлерге де берип,
оларды қабыл еткенин көрсетти.
9 Қудай олардың кеўиллерин исе-
нимлери арқалы тазалап, бизлер
менен олардың арасына айырма-
шылық қоймады. 10 Олай болса,
енди не ушын ата-бабаларымыз
да, өзлеримиз де көтерип жүре ал-
маған мойынтырықты шәкирт-
лердиң мойнына салып, Қудайды

---

a **15:5** *Парисейлер* – яҳудий халқының күшли диний топары.

сынап атырсызлар? 11 Олардың
Ийемиз Ийсаның мийрими ме-
нен қутқарылатуғыныңдай, бизлер
де өзлеримиздиң солай қутқары-
латуғынымызға исенемиз.
12 Сонда жыйналғанлардың ҳәм-
меси тынышланып, Барнаба менен
Павелди тыңлай баслады. Олар
өзлери арқалы Қудайдың басқа
миллетлер арасында көрсеткен
кәраматлы белгилери менен таң
қаларлық нәрселери ҳаққында ай-
тып берди. 13 Олар сөзлерин та-
ўысқаннан соң, Яқып сөз баслап
былай деди:
– Туўысқанлар, маған қулақ са-
лыңлар! 14 Басқа миллетлерден
Өзине тийисли бир халық шығарыў
ушын, Қудай оларға дәслеп қалай
мийримлилик көрсеткенин Шимон
Петр баян еткен еди. 15 Пайғамбар-
лардың жазып қалдырған мына
сөзлери де усыған туўры келеди:
16 «Буннан кейин Мен қайтып
келип,
Даўыттың қулаған үйин қайта
қураман.
Бузылған жерлерин оңлап,
қайта тиклеймен.
17-18 Солай етип, қалған
адамлар,
Мениң атым менен аталыўшы
барлық миллетлер,
Ийесин – Мени излеп тапсын.
Буларды әййемнен билдирген
Жаратқан Ийе усылай
дейди»[a].
19 Сонлықтан, мениң пикиримше,
Қудайдың жолына түскен басқа
миллет адамларын қыйнамаўымыз
керек. 20 Бирақ, бутларға шалынып
ҳарамланған қурбанлық гөшинен,
бузықшылықтан, буўындырылып
өлтирилген ҳайўанлардың гөши-
нен ҳәм қаннан аўлақ болыўла-
рын* жазып жибериўимиз тийис.
21 Өйткени әййемги ўақытлардан
бери Муўсаның Нызамы ҳәр бир
қалада жәрияланып киятыр ҳәм
ҳәр Шаббат күни мәжилисхана-
ларда оқылмақта.

## Басқа миллетлерден болған исениўшилерге хат

22 Солай етип, пүткил исениўши-
лер жәмәәти менен елшилер ҳәм
ақсақаллар өзлериниң арасынан
адамларды сайлап, оларды Павел
ҳәм Барнаба менен бирге Антио-
хияға жибериўге қарар етти. Сай-
ланғанлар: туўысқанлар арасында
басшылық етип жүрген Барсабба
деп аталатуғын Яҳуда менен Си-
ла еди. 23 Олар арқалы мына хат-
ты жазып жиберди:
«Ҳүрметли туўысқанларымыз!
Туўысқанларыңыз болған биз,
елшилер ҳәм ақсақаллардан, Ан-
тиохия, Сирия ҳәм Киликиядағы
басқа миллет адамлары болған сиз,
туўысқанларға сәлем!
24 Арамыздағы айырым адам-
лардың сизлерге барғанын ҳәм
өз сөзлери менен сизлерди тә-
шиўишке салып*, ақылыңызды
ҳайран қылғанын еситтик. Биз-
лер оларға ҳеш қандай жол-жо-
рық бермеген едик. 25 Сонлықтан
арамыздан бир неше адамды сай-
лап, сүйикли туўысқанларымыз
Барнаба ҳәм Павел менен бирге
сизлерге жибериўди бир аўыздан

---

[a] **15:16-18** Амо 9:11-12.

мақул таптық. 26 Булар екеўи Ийе-
миз Ийса Масийхтың аты ушын
өмирлерин бағышлаған адамлар.
27 Сизлерге және де Яхуда менен
Силаны жиберип атырмыз. Олар
бул жазғанларымызды аўызша ай-
тып береди. 28 Себеби Мухаддес
Руўх ҳәм бизлер әҳмийетли бол-
ған мына қағыйдалардан тысқары
сизлерге ҳеш нәрсени жүклемеўди
мақул таптық: 29 сизлер бутларға
шалынған қурбанлықтың гөши-
нен, қаннан, буўындырылып өл-
тирилген ҳайўанлардың гөшинен
ҳәм бузықшылықтан аўлақ бо-
лыңлар*. Усылардан сақлансаң-
лар, жақсы ис қылған боласызлар.
Аман болыңлар!»
30 Солай етип, жиберилгенлер
жолға шығып, Антиохияға келди.
Жәмәәтти бир жерге жыйнап, олар-
ға хатты тапсырды. 31 Исениўшилер
хатты оқып, ондағы кеўил көте-
риўши сөзлерге қуўанды. 32 Пай-
ғамбаршылық сыйын алған Яхуда
менен Сила туўысқанларға көп сөз-
лер менен ақыл-нәсият айтып, руў-
хый күш-қуўат берди. 33 Бир қанша
ўақыт сол жерде болғаннан соң,
туўысқанлар оларды аман-есен
шығарып салып, жоллағанларға
қайтарды. [34 *]
35 Ал Павел менен Барнаба Ан-
тиохияда қалды. Олар көплеген
адамлар менен бирликте Ийемиз-
диң сөзин үйретип, жәриялап жүр-
ди.

### Павелдиң екинши сапары

36 Бир қанша ўақыттан соң, Па-
вел Барнабаға:
– Енди изимизге қайтып, бизлер
Ийемиздиң сөзин жәриялаған ҳәр
бир қаладағы туўысқанларымызға
барайық, олардың ҳал-жағдайын
көрейик, – деди.
37 Барнаба Марк деп аталатуғын
Юханды бирге алып жүрмекши
болды. 38 Бирақ Павел Памфилия-
да өзлерин таслап кетип, бирлик-
те баслаған исти даўам етпеген
Маркты өзлери менен бирге алып
жүриўди мақул көрмеди. 39 Солай
етип, олардың арасында кескин
түсинбеўшилик болып, бир-би-
ринен бөлинди. Барнаба Маркты
алып, кеме менен Кипрге кетти.
40 Ал Павел Силаны таңлады ҳәм
туўысқанлар тәрепинен Ийемиз-
диң мийримине тапсырылғаннан
соң, жолға шықты. 41 Ол Сирия
ҳәм Киликия үлкелерин аралап,
исениўши жәмәәтлерди беккем-
леп жүрди.

### Тимофейдиң Павел менен Силаға қосылыўы

16 1 Павел Дербеге, соңынан
Листраға келди. Сол жерде
анасы исениўши яҳудий, ал әкеси
грек болған Тимофей атлы шәкирт
бар еди. 2 Листра ҳәм Икониядағы
туўысқанлар ол ҳаққында жақсы
пикирде еди. 3 Тимофейди өзи ме-
нен бирге алып жүриўди қәлеген
Павел сол жердеги яҳудийлер се-
бепли, оны сүннет еттирди. Өйт-
кени ҳәмме Тимофейдиң әкесиниң
грек екенин билетуғын еди. 4 Олар
қаладан-қалаға өтип, Ерусалим-
деги елшилер менен ақсақаллар
белгилеген қағыйдаларды исениў-
шилерге орынлаў ушын тапсырды.
5 Солай етип, исениўши жәмәәтлер-
диң исеними беккемленип, саны
күннен-күнге арта берди.

## Павелдиң Македонияға шақырылыўы

**6** Қудайдың сөзин Азия үлкесин-
де[a] жайыўға Мухаддес Руўх тыйым
салғанлықтан, Павел менен оның
жолдаслары Фрикия ҳәм Галатия
үлкелерин аралап жүрди. **7** Олар
Мисияның шегарасына келгенде,
Битинияға кирмекши болды, бирақ
Ийсаның Руўхы оларға рухсат бер-
меди. **8** Сонлықтан олар Мисиядан
өтип, Троас қаласына келди. **9** Сол
күни түнде Павел аян көрди. Маке-
дониялы бир адам оның алдында
турып: «Македонияға келип, биз-
лерге жәрдем бер», – деп өтинди.
**10** Павел бул аянды көргеннен соң,
бизлер дәрриў Македонияға ба-
рыўдың ҳәрекетин иследик. Себеби
Қудай бизлерди оларға Хош Хабар-
ды жәриялаўға шақырып атыр, де-
ген жуўмаққа келдик.

## Павел Филип қаласында

**11** Бизлер Троастан кеме менен
шығып, туўры Самотракияға, ер-
теңине Неаполиске жүзип бардық.
**12** Ол жерден Македония үлкесиниң
ең баслы қаласы, Римниң қол астын-
да болған Филипке жетип келдик.
Бул қалада бир неше күн қалдық.
**13** Бизлер Шаббат күни қала дәр-
ўазасынан сыртқа, дәрьяның жаға-
сына шықтық. Ол жерде яҳудийлер
дуўа ететуғын орын бар деп ой-
лаған едик. Бизлер отырып, сол
жерге жыйналған ҳаялларға сөй-
лей басладық. **14** Тыңлаўшылар ара-
сында Тиатира қаласынан келген,
шым қызыл қымбат гезлемелерди
сатыўшы Лидия атлы бир ҳаял бар
еди. Ол Қудайға сыйынатуғын еди.
Павелдиң сөзлерине қулақ салыўы
ушын, Ийемиз оның кеўлин ашты.
**15** Лидия үй-иши менен бирге суўға
шомылдырылғаннан соң, бизлер-
ди үйине мирәт етип: «Мени Ийе-
мизге исенеди, деп есаплайтуғын
болсаңлар, келиңлер, үйимде бо-
лыңлар», – деп бизлерди көндирди.

## Павел менен Сила қамақта

**16** Бир күни бизлер дуўа ететуғын
жерге баратырғанымызда, палкер-
лик пенен шуғылланатуғын жаўыз
руўхлы бир шорыға дусластық. Бул
қыз палкерлик пенен хожайынла-
рына көп пайда келтиретуғын еди.
**17** Ол Павел менен бизлердиң изи-
мизге түсип:
– Бул адамлар – Қудай Тааланың
хызметшилери, олар сизлерге қут-
қарылыў жолын жәриялап атыр! –
деп бақырып жүрди.
**18** Бул көп күн тәкирарланды.
Ақырында Павел бийзар болып
кетип, арқасына бурылды да, қыз-
дың ишиндеги жаўыз руўхқа:
– Ийса Масийхтың аты менен бу-
йыраман: оннан шығып кет! – деди.
Жаўыз руўх қыздың ишинен дәр-
ҳал шығып кетти.
**19** Шорының хожайынлары пайда
көриўден үмитлериниң үзилгенин
билип, Павел менен Силаны услап
алды да, базар майданындағы бас-
шыларға сүйреп апарды. **20** Олар-
ды Рим басшыларының алдына
алып келип:

---

a **16:6** *Азия үлкеси* – ҳәзирги Туркия елиниң қубла-батыс бөлегинде болған бир үлке.

– Мына яҳудийлер қаламызды
астан-кестен етпекте. 21 Биз рим-
лилерге қабыл етиўге де, орынлаў-
ға да болмайтуғын үрп-әдетлерди
жәриялап жүр, – дести.

22 Халық та оларға қосылып, ел-
шилерге қарсы шықты. Басшылар
Павел менен Силаның кийимлерин
жыртып шештирди де, таяқ пенен
сабаўға буйрық берди. 23 Оларды
көп сабатқаннан соң, қамаққа сал-
дырды ҳәм қамақхана хызметкери-
не оларды жақсылап қараўыллаўды
буйырды. 24 Усындай буйрық алған
қамақхана хызметкери оларды қа-
мақхананың ишки бөлмесине қа-
мап, аяқларын буғаў менен қысып
таслады.

25 Түнниң орталарында Павел
менен Сила дуўа етип, Қудайды
алғыслайтуғын қосық айтып отыр-
ған еди. Басқа тутқынлар да олар-
ды тыңлады. 26 Бирден жер қатты
қозғалып, қамақхананың тырна-
ғы силкинди ҳәм сол ўақытта-ақ
барлық қапылар ашылып, ҳәмме-
ниң шынжырлары шешилип кет-
ти. 27 Уйқыдан оянған қамақхана
хызметкери қамақхананың қапы-
ларының ашық екенин көрди. Тут-
қынлар қашып кетти, деп ойлаған
ол өзин өлтирмекши болып, қылы-
шын суўырып алды. 28 Бирақ Па-
вел бәлент даўыс пенен бақырып:

– Өз жаныңа қастыянлық етпе,
ҳәммемиз усы жердемиз, – деди.

29 Қамақхана хызметкери шыра
әкелдирип, ишке жуўырып кирди
де, қалтырап, Павел менен Сила-
ның алдына жығылды. 30 Оларды
сыртқа шығарып:

– Мырзалар, қутқарылыўым ушын
не ислеўим керек? – деп сорады.

31 Олар:

– Ийемиз Ийсаға исен, сонда сен
де, үй-ишиң де қутқарыласыз, –
деди.

32 Соңынан олар оның өзине ҳәм
үйиндегилердиң ҳәммесине Ийе-
миздиң сөзин айтты. 33 Қамақха-
на хызметкери түнниң сол сәтинде
оларды алып кетип, жарақатла-
рын жуўды да, дәрриў өзи ҳәм пүт-
кил үй-иши суўға шомылдырылды.
34 Ол Павел менен Силаны үйи-
не әкелип, алдыларына дастурхан
жайды. Қудайға исенгенине пүткил
үй-иши менен қуўанды.

35 Таң атқанда, басшылар: «Сол
адамларды босатыңлар», – деген
буйрық пенен сақшыларды жолла-
ды. 36 Қамақхана хызметкери бул
сөзлерди Павелге хабарлап:

– Басшылар сизлерди босатыў
ушын адам жоллапты. Енди шығып,
аман-есен кете бериңлер, – деди.

37 Бирақ Павел сақшыларға бы-
лай деди:

– Рим пуқаралары болған бизлер-
ди халық алдында ҳүкимсиз сабап,
қамаққа салды. Енди бизлерди жа-
сырын қуўып жибермекши ме? Бул
болмайды! Бизлерди өзлери келип
шығарсын!

38 Сақшылар бул сөзлерди бас-
шыларға жеткерди. Басшылар
Павел менен Силаның Рим пуқа-
ралары екенин еситкенде қорқып
кетти. 39 Келип, кеширим сорады.
Соңынан оларды сыртқа шыға-
рып, қаладан кетиўлерин өтин-
ди. 40 Павел менен Сила қамақтан
шығып, Лидияның үйине барды.
Сол жерде туўысқанларды көрип,
оларды жигерлендиргеннен соң,
жолға шықты.

## Салоникада

**17** [1] Олар Амфиполис ҳәм
Аполлониядан өтип, Сало-
никаға келди. Бул жерде яҳудий-
лердиң бир мәжилисханасы бар
еди. [2] Павел өз әдети бойынша мә-
жилисханаға барды. Үш ҳәпте олар
менен Мухаддес Жазыўларды тал-
қылады. [3] Масийхтың азап шегип,
өлимнен қайта тирилиўи тийис
екенин түсиндирип, дәлиллер кел-
тирди де:
– Мен сизлерге жәриялап атыр-
ған бул Ийса – Масийх, – деди ол.
[4] Яҳудийлердиң базылары мақул-
лап, Павел менен Силаға қосылды.
Сондай-ақ, Қудайға сыйынатуғын
греклердиң үлкен топары ҳәм көп-
леген абырайлы ҳаяллар да солай
иследи.
[5] Бирақ яҳудийлер күншиллик
етип, базарда бос жүрген айырым
жарамас адамларды жыйнады да,
қалада топалаң көтерди. Павел
менен Силаны таўып, оларды ха-
лықтың алдына шығарыў ушын,
Ясонның үйине топылып кирди.
[6] Бирақ оларды таба алмай, Ясон
менен басқа гейбир туўысқанлар-
ды қала басшыларының алдына
сүйреп апарып:
– Пүткил дүньяны астан-кестен
еткен бул адамлар усы жерге де ке-
липти. [7] Ясон оларды қабыл қыл-
ды. Олардың ҳәммеси Ийса деген
басқа бир патша бар екенин айтып,
Рим императорының пәрманлары-
на қарсы ҳәрекет етип жүр, – деп
бақырды.
[8] Бул сөзлерди еситкен халық ҳәм
қала басшылары қатты тыныш-
сызланды. [9] Бирақ олар Ясоннан
ҳәм басқалардан кепилликке ақша
алып, босатып жиберди.

## Берияда

[10] Туўысқанлар дәрриў сол түни
Павел менен Силаны Берияға жи-
берди. Олар Берияға келип, яҳудий-
лердиң мәжилисханасына кирди.
[11] Бериядағы яҳудийлердиң Салони-
кадағы яҳудийлерге қарағанда пи-
кири кеңирек еди. Олар Қудайдың
сөзин үлкен қызығыўшылық пенен
қабыл етип, Павел менен Силаның
айтқан сөзлериниң дурыс екенин
билиў ушын, ҳәр күни Мухаддес
Жазыўларды изертлейтуғын еди.
[12] Солай етип, яҳудийлердиң көби-
си ҳәм көплеген абырайлы грек ҳа-
яллары менен ер адамлары исенди.
[13] Бирақ Салоникадағы яҳудий-
лер Павелдиң Берияда да Қудайдың
сөзин жәриялағанын билгенде, сол
жерге де келди ҳәм халықты үгит-
леп, қозғалаң салды. [14] Сонда ту-
ўысқанлар Павелди дәрҳал теңиз
тәрепке жиберди. Ал Сила менен
Тимофей Берияда қалды. [15] Павел-
ди шығарып салыўшылар оны Афи-
наға дейин апарды. Олар Павелден:
«Сила менен Тимофей, мүмкин бол-
са, тез маған жетсин», – деген тап-
сырманы алып, излерине қайтты.

## Афинада

[16] Афинада Сила менен Тимофей-
ди күтип жүрген Павел қаланың
бутларға толы екенин көргенде,
қатты қапа болып ашыўланды.
[17] Сонлықтан ол мәжилисханада-
ғы яҳудийлер ҳәм Қудайға сыйы-
натуғын греклер менен айтысып,
ҳәр күни базар майданында ушы-
расқанлар менен тартысып жүрди.

18 Эпикуршылардың ҳәм стоик ой-
шылларының[a] гейбиреўлери де
оның менен тартыса баслады. Би-
реўлери: «Мына мылжың не де-
мекши», – десе, айырымлары: «Ол
жат қудайлардың хабаршысы бол-
са керек», – деди. Өйткени Павел
Ийса ҳәм Оның қайта тирилиўи
туўралы Хош Хабарды жәриялап
жүр еди. 19 Олар Павелди Ареопаг
кеңесине[b] алып келип, оған:
– Сен жәриялап жүрген бул жа-
ңа тәлиматтың не екенин били-
ўимизге бола ма? 20 Себеби сен
қулағымызға жат нәрселерди ай-
тып атырсаң, булардың не екенин
билгимиз келеди, – деди.
21 Пүткил афиналылар ҳәм сол
жерде жасайтуғын шет еллилер ўа-
қытларын тек жаңалықлар айтыў
ҳәм тыңлаў менен өткизетуғын еди.
22 Павел Ареопаг кеңесиниң ор-
тасында турып, былай деди:
– Ҳәй, афиналылар! Сизлердиң
ҳәр тәреплеме жүдә диншил еке-
ниңизди көрип турман. 23 Мен ай-
ланып жүрип, сизлер табынатуғын
орынларды көзден кеширгенимде,
«Бийтаныс қудайға» деген жазы-
ўы бар, бир қурбанлық орынды да
көрдим. Енди өзлериңиз билмей
сыйынып жүрген усы Қудай ҳақ-
қында сизлерге жәриялайжақпан.
24 Дүньяны ҳәм оның ишин-
дегилердиң ҳәммесин жаратқан
Қудай аспан ҳәм жердиң Ийеси
болғанлықтан, адамның қолы ме-
нен салынған ибадатханаларда
жасамайды. 25 Ол бир нәрсеге мү-
тәждей, Оған адамның қоллары
менен хызмет етип болмайды. Өйт-
кени ҳәмме адамларға өмир, дем
ҳәм барлықты Оның Өзи береди.
26 Қудай ҳәмме миллетлерди бир
адамнан жаратып, оларды пүткил
жер жүзине орналастырды. Олар-
дың жасайтуғын дәўирлери менен
мәканларының шегараларын алдын
ала белгилеп берген. 27 Буны Қудай
Өзин излесин ҳәм қармаланып бол-
са да тапсын, деп иследи. Деген ме-
нен, Ол ҳеш биримизден алыс емес.
28 Себеби сизлердиң шайырлары-
ңыздың гейбиреўлери: «Бизлер
Оның урпағымыз», – деп айтқа-
нындай, бизлер Ол арқалы жасай-
мыз, ҳәрекет етемиз ҳәм бармыз.
29 Бизлер енди Қудайдың урпа-
ғы болғанымыз себепли, Қудай
адамның өнери ҳәм ақыл-ойы ме-
нен дөретилген алтын, гүмис ямаса
тас мүсинге уқсас деп ойламаңлар.
30 Өткен дәўирлерде Қудай надан-
лыққа дыққат аўдармаған болса да,
енди ҳәр бир жерде ҳәр бир адам-
ның тәўбе етиўин буйырмақта.
31 Өйткени Ол бул дүньяны Өзи
таңлаған Адамы арқалы әдиллик
пенен ҳүким ететуғын күнди бел-
гилеп қойыпты. Буны сол Адамды
өлимнен қайта тирилтип, ҳәр бир
адамға дәлилледи.
32 Өлимнен қайта тирилиў ҳақ-
қында еситкенде, кимиси мазақ
етип күлди, кимиси: «Бул ҳаққын-
да сени басқа сапар тыңлағымыз

---

[a] **17:18** *Эпикуршылар ҳәм стоик ойшыллары* – ески грек елиндеги ойшыллар-
дың топарлары.
[b] **17:19** *Ареопаг кеңеси* – Арес төбеси деген жерде жайласқан афиналылардың
рәсмий кеңеси ямаса қазыханасы. Бул жерде он еки қазы жыйналатуғын еди.

келеди», – деди. 33 Соңынан Павел
олардың арасынан шығып кетти.
34 Ал гейбир адамлар оған қосы-
лып, исенди. Олардың арасында
Ареопаг кеңесиниң ағзасы болған
Дионисий, Дамарис атлы бир ҳаял
ҳәм және басқалар бар еди.

### Коринф қаласында

**18** 1 Буннан соң, Павел Афи-
надан шығып, Коринфке
келди. 2 Сол жерде Акила атлы,
понтлы бир яҳудийге дусласты.
Акила ҳаялы Прискилла менен жа-
қында Италиядан келген еди. Се-
беби император Клавдий барлық
яҳудийлердиң Римнен шығып ке-
тиўин буйырған еди. Павел оларға
барды да, 3 кәсиплес болғанлықтан
олар менен бирге қалып, жумыс
иследи. Олардың кәсиби – ша-
тыр соғыў еди. 4 Павел ҳәр Шаб-
бат күни мәжилисханада айтысып,
яҳудийлерди ҳәм греклерди исен-
дириўге ҳәрекет етти.
5 Сила менен Тимофей Маке-
дониядан келгенде, Павел өзин
Қудайдың сөзин жәриялаўға ҳәм
яҳудийлерге Ийсаның Масийх еке-
ни ҳаққында гүўалық бериўге то-
лық бағышлады. 6 Бирақ яҳудийлер
қарсы шығып, оны масқаралағанда,
Павел кийиминиң шаңын қағып[a],
оларға былай деди:
– Қаныңыз өз басыңызда қалсын!
Мен жуўапкершиликтен азатпан.
Буннан былай, басқа миллетлер-
ге кетемен.
7 Павел сол жерден шығып,
Қудайға сыйынатуғын Титус Юстус
атлы бир адамның үйине келди.
Оның үйи мәжилисханаға ирге-
лес еди. 8 Мәжилисхана басшысы
болған Криспус пүткил үй-иши
менен Ийемизге исенди. Павелди
тыңлаған коринфлилердиң көбиси
де исенип, суўға шомылдырылды.
9 Бир күни түнде Ийемиз Павел-
ге аян көрсетип: «Қорқпа, үнсиз
қалмай, сөйлей бер! 10 Мен сениң
менен биргемен, жаманлық ислеў
ушын саған ҳеш ким қол тийгизе
алмайды. Өйткени бул қалада Ме-
ниң адамларым көп», – деди. 11 Со-
лай етип, Павел ол жерде бир ярым
жыл қалды ҳәм халыққа Қудайдың
сөзин үйретиўин даўам етти.
12 Галлио Ахая үлкесиниң ҳәки-
ми болған ўақытта яҳудийлер би-
ригип, Павелге қарсы шықты. Оны
қазыханаға алып барып:
13 – Мына адам халықты үгитлеп,
Қудайға сыйыныўды бизлердиң
нызамымызға қайшы келетуғын
жол менен үйретип жүр, – деди.
14 Павел енди сөзин басламақ-
шы болғанда, Галлио яҳудийлер-
ге былай деди:
– Ҳәй, яҳудийлер! Егер бир ны-
замсызлық ямаса бир аўыр жы-
наят исленген болса, мен сизлерди
сабырлылық пенен тыңлар едим.
15 Бирақ, сөзлерге, атларға ҳәм өз-
лериңиздиң нызамыңызға байла-
ныслы мәселелер болса, өзлериңиз
шешиңлер. Мен бундай нәрселерге
қазылық етким келмейди.
16 Солай етип, Галлио олар-
ды қазыханадан қуўып жибер-
ди. 17 Сонда олардың ҳәммеси

---

a **18:6** *Кийиминиң шаңын қағып* – яҳудийлердиң әдети бойынша, байланыс-
тың үзилгенлигин билдиреди.

мәжилисхананың басшысы Сос-
тенисти услап алып, қазыхананың
алдында сабап таслады. Ал Галлио
буларға кеўил де аўдарған жоқ.

### Павелдиң Антиохияға қайтыўы

18 Павел сол жерде және бир неше
күн болғаннан соң, туўысқанлар ме-
нен хошласты. Прискилла ҳәм Аки-
ла менен бирге Сирияға барыў ушын
кемеге минди. Қудайға ант берген-
ликтен, Павел Кенхреяда шашын
қыйдырып таслады. 19 Эфеске кел-
генде, Прискилла менен Акиланы
сол жерде қалдырып, өзи мәжилис-
ханаға барды да, яҳудийлер менен
пикир алыса баслады. 20 Олар көби-
рек ўақыт қалыўын өтиниш етсе де,
Павел қайылшылық бермеди. 21 Би-
рақ олар менен хошласып атырып:
– Қудай қәлесе, сизлерге және
қайтып келемен*, – деди.
Соңынан кеме менен Эфестен
жөнеп кетти.
22 Ол Кесарияда кемеден түсип,
Ерусалимге кетти ҳәм сол жерде-
ги исениўшилер жәмәәтине сәлем
бергеннен соң, Антиохияға бар-
ды. 23 Антиохияда бир неше ўақыт
қалғаннан соң, Павел жолға шық-
ты. Тәртип бойынша Галатия ҳәм
Фрикия үлкелерин аралап, ҳәмме
шәкиртлерге руўхый күш-қуўат
берип жүрди.

### Аполлостың хызмети

24 Сол ўақытта негизи искендерия-
лы болған Аполлос атлы бир яҳудий
Эфеске келди. Ол Муҳаддес Жазыў-
ларды жүдә жақсы билетуғын, сөзге
шешен адам еди. 25 Ийемиздиң жо-
лында тәлим алған ол жалынлы
руўх пенен сөйлеп, Ийса ҳаққында
дурыс үйрететуғын еди. Бирақ ол
тек Яқыяның суўға шомылдыры-
ўын ғана билетуғын еди. 26 Аполлос
мәжилисханада батыллық пенен
сөйлей баслады. Буны Прискилла
менен Акила еситкенде, оны үйи-
не апарып, Қудайдың жолын аны-
ғырақ түсиндирип берди.
27 Аполлос Ахаяға кетпекши
болғанда, туўысқанларымыз оны
қоллап қуўатлады. Сол жердеги
шәкиртлердиң оны қабыл қылыўы
ушын хат жазып берди. Аполлос
сол жерге жетип барып, Қудай-
дың мийрими менен исенгенлер-
ге көп жәрдем берди. 28 Себеби ол
Ийсаның Масийх екенин Муҳаддес
Жазыўлар арқалы дәлиллеп, яҳу-
дийлерди халық алдында күшли
түрде әшкаралады.

### Павел Эфес қаласында

19 1 Аполлос Коринфте болған-
да, Павел таўлы үлкелерден
өтип, Эфеске келди. Ол жерде айы-
рым шәкиртлер менен ушырасып,
2 олардан:
– Исенген ўақтыңызда Муҳаддес
Руўхты алдыңыз ба? – деп сорады.
– Муҳаддес Руўхтың бар екенин
бизлер ҳеш еситпедик те, – деп жу-
ўап берди олар.
3 – Олай болса, қандай шомыл-
дырыў менен шомылдырылдың-
лар? – деп сорады Павел.
– Яқыяның тәлимине тийкарла-
нып, суўға шомылдырылдық[a], –
деди олар.

---

a **19:3** Мат 3:5-6.

4 Павел былай деди:
– Яқыя халықты тәўбе еттирип
ҳәм суўға шомылдырып, оларға
өзинен соң Келетуғынға, яғный
Ийсаға исениўди айтқан еди.
5 Олар буны еситкенде, Ийемиз
Ийсаның аты менен суўға шомыл-
дырылды. 6 Павел олардың үстиле-
рине қолларын қойып дуўа еткенде,
оларға Мухаддес Руўх түсти ҳәм олар
руўхый тиллерде сөйлеп, пайғамбар-
шылық ете баслады. 7 Олар барлығы
болып шама менен он еки адам еди.
8 Павел мәжилисханаға барды. Ол
сол жерде үш ай даўамында Қудай-
дың Патшалығы туўралы тәлим
берди ҳәм оларды исендириўге ты-
рысып, батыллық пенен сөйледи.
9 Бирақ, гейбиреўлери қасарысып
исенбеди ҳәм Ийсаның жолын ха-
лық алдында жаманлай баслады.
Сонлықтан Павел оларды қалды-
рып, шәкиртлерди өзи менен бир-
ге алды да, ҳәр күни Тиранустың
мектебинде тәлим бериўин даўам
етти. 10 Бул аўҳал еки жылға со-
зылды. Солай етип, яҳудий бол-
сын, грек болсын, Азия үлкесинде
жасаған ҳәр бир адам Ийемиздиң
сөзин еситти.

### Скеваның жети улы

11 Қудай Павел арқалы таң қа-
ларлық кәраматлар иследи. 12 Ҳәт-
те, Павелдиң денесине тийген бет
орамаллар ямаса алжапқышлар
наўқасларға қойылғанда, олар
дәртлеринен азат болып, ишлери-
нен жаўыз руўхлар шығатуғын еди.
13 Ел аралап, жаўыз руўхлар-
ды қуўып жүрген гейбир яҳудий
дуўаханлар да жаўыз руўх урған
адамларға Ийемиз Ийсаның атын
қоллана баслады. Олар: «Павел жә-
риялап жүрген Ийсаның аты менен
буйырамыз, шығып кет!» – дей-
туғын еди. 14 Бас руўханий Скева
атлы бир яҳудийдиң жети улы да
усылай ислеп жүрген еди. 15 Бирақ
жаўыз руўх оларға:
– Ийсаны билемен, Павелди та-
ныйман, ал сизлер кимсиз? – деп
жуўап берди де, 16 жаўыз руўх ур-
ған адам оларға тәп берип жығып,
олардан үстин шықты. Олар үйден
жарадар ҳәм жалаңаш болып қа-
шып кетти.
17 Бул хабар Эфесте жасайтуғын
барлық яҳудийлер менен греклер-
ге жетип барды. Ҳәммесин қорқы-
ныш бийлеп, Ийемиз Ийсаның аты
үлкен ҳүрметке еристи. 18 Исен-
генлердиң көбиси келип, ислеген
жаман ислерин ашық мойынлады.
19 Сыйқыршылық пенен шуғыл-
ланатуғын көп адамлар да ки-
тапларын жыйнап, ҳәмметиң көз
алдында жағып жиберди. Китап-
лардың баҳасын есаплағанда, елиў
мың гүмис теңге болды. 20 Солай
етип, Ийемиздиң сөзи қүдирет пе-
нен жайылып, тәсири артып барды.
21 Бул ўақыялардан соң, Павел
Македония ҳәм Ахая үлкелери-
нен өтип, Ерусалимге барыўға қа-
рар етти. «Ол жерге барғанымнан
соң, Римди де көриўим керек», –
деди ол. 22 Сонлықтан өзи бир не-
ше ўақыт Азия үлкесинде қалып,
жәрдемшилеринен екеўин – Ти-
мофей менен Эрастусты Македо-
нияға жиберди.

### Эфестеги көтерилис

23 Сол ўақытлары Ийемиз
Ийсаның жолына қарсы күшли

көтерилис пайда болды. 24 Димит-
рий атлы бир зергер гүмистен Ар-
темида ибадатханасының кишкене
үлгилерин соғып, өз өнерментши-
лерине көп пайда келтиретуғын
еди. 25 Димитрий өз өнерментши-
лери менен өзиндей зергерлерди
бир жерге жыйнап, оларға бы-
лай деди:
– Дослар, усы кәсибимиз арқалы
көп пайда алатуғынымызды биле-
сизлер. 26 Бирақ Павел деген мы-
на бир адамның қолдан соғылған
қудайлардың ҳақыйқый қудай-
лар емес екенин айтып, тек Эфесте
емес, ал пүткил Азияда көп санлы
адамларды үгитлеп азғырғанын кө-
рип ҳәм еситип атырсызлар. 27 Бул
бизлердиң өнеримиздиң қәдири-
не қәўип туўдырып ғана қоймай,
ал уллы ҳаял қудай Артемиданың
ибадатханасының арзымайтуғын
нәрсеге айланып, пүткил Азия үл-
кеси менен пүткил дүнья сыйына-
туғын ҳаял қудайды уллылығынан
айырыў қәўпи бар.
28 Олар буны еситкенде, қатты
ғәзепленип: «Эфеслилердиң Арте-
мидасы уллы!» – деп бақыра басла-
ды. 29 Пүткил қала тәртипсизликке
толып кетти. Адамлар Павелдиң
жолдаслары македониялы Гаюс
пенен Аристархты услап алып, та-
маша майданына қарай сүйреди.
30 Павел халықтың арасына бар-
мақшы болды, бирақ шәкиртлер
оған жол коймады. 31 Павелдиң
дослары болған Азия үлкесиниң
айырым басшылары да оған ха-
бар жоллап, тамаша майданында
көринбеўин өтинди.
32 Жыйналғанлардың биреўи
анаў, биреўи мынаў деп бақырып,
жыйналыс бийтәртип болды. Кө-
биси не ушын жыйналғанын да
билмейтуғын еди. 33 Яҳудийлер
Искендер атлы бир адамды ий-
терип ортаға шығарғанлықтан,
айырым адамлар болған ўақыя
ушын оны айыпкер деп шешти.
Искендер қолы менен ишарат
етип, өзин халық алдында қор-
ғамақшы болды. 34 Бирақ халық
оның яҳудий екенин билгенде,
ҳәммеси бир аўыздан шама ме-
нен еки сааттай: «Эфеслилердиң
Артемидасы уллы!» – деп бақы-
рып турды.
35 Қала хаткери халықты тыныш-
ландырып былай деди:
– Эфеслилер! Уллы Артемида-
ның аспаннан түскен мүсининиң
ҳәм оның ибадатханасының қор-
ғаўшысы – Эфес қаласы екенин
ким билмейди? 36 Буларды ҳеш
ким бийкарлай алмайды. Соның
ушын тынышланып, ойланып ис
тутыўыңыз керек. 37 Сизлердиң
бул жерге әкелген адамларыңыз
ибадатхананы да тонамаған, ҳаял
қудайымызға да тил тийгизбеген.
38 Сонлықтан Димитрийдиң ҳәм
оның өнерментши жолдаслары-
ның биреўге қарсы қандай да бир
шағымы бар болса, қазыханалар
ашық, қазылар да бар. Бир-би-
риниң үстинен сол жерде шағым
етсин. 39 Ал егер тағы басқа мәсе-
ле болса, ол рәсмий жыйналыс-
та шешилиўи тийис. 40 Бүгинги
болған ўақыялар себепли айып-
ланыў қәўпиндемиз. Бундай то-
паланды ақлай алыўға бизлерде
себеп те жоқ.
Ол усы сөзлерди айтып, жыйнал-
ғанларды тарқатып жиберди.

## Павел Македония менен Грецияда

**20** 1 Эфестеги топалаң ба-
сылғаннан кейин, Павел
шәкиртлерди шақыртып жигерлен-
дирди. Соңынан олар менен хош-
ласып, Македонияға кетиў ушын
жолға шықты. 2 Ол жол-жөнекей
үлкелерди аралағанда, исениўши-
лерди көп сөзлер менен жигерлен-
дирип, Грецияға келди. 3 Ол жерде
үш ай қалды. Кеме менен Сирияға
кетпекши болғанда, яҳудийлер өзи-
не қарсы тил бириктиргенликтен,
Македония арқалы изине қайтыў-
ға қарар етти. 4 Пир улы бериялы
Сопатер, салоникалылардан Арис-
тарх пенен Секундус, дербели Га-
юс ҳәм Тимофей, Азия үлкесинен
Тихик пенен Трофим оның менен
бирге кетти. 5 Булар бурын кетип,
бизлерди Троас қаласында күтип
турды. 6 Ал бизлер Ашытқысыз
нан байрамынан соң, Филиптен ке-
ме менен жолға шығып, бес күнде
оларға, Троасқа жетип келдик. Ол
жерде жети күн болдық.

## Павелдиң Эвтихты тирилтиўи

7 Екшемби күни нан сындырыў
ушын бир жерге жыйналғаны-
мызда, Павел исениўшилерге сөз
сөйледи. Ертеңине кететуғын бол-
ғанлықтан, оның ўазы ярым ақ-
шамға дейин созылды. 8 Бизлер
жыйналған жоқарғы қабаттағы
бөлмеде көп шыралар жанып тур-
ған еди. 9 Эвтих атлы бир жас жигит
әйнекке минип отыр еди. Павелдиң
сөзи созылып кеткенликтен, Эв-
тихты уйқы басты. Ол уйықлап ке-
тип, үшинши қабаттан қулап түсти.
Оны жерден көтерип алғанда, ол
өлип қалған еди. 10 Павел төменге
түсип, жигиттиң үстине еңкейди
де, оны қушақлап: «Уўайымламай-
ақ қойың, оның жаны бар!» – деди.
11 Соңынан жоқарыға көтерилип,
нан сындырып жеди. Олар менен
таң атқанша көп сөйлескеннен соң,
жолға шықты. 12 Жигитти үйине
тири апарып, исениўшилер үлкен
жубаныш алды.

## Троастан Милитке сапар

13 Бизлер бурынырақ кеме менен
кетип, Ассос қаласына бардық. Ол
жерден Павелди мингизип алыўы-
мыз керек еди. Өйткени оның өзи
пияда жүргиси келгенликтен, биз-
лерге усылай тапсырған еди. 14 Па-
вел менен Ассоста ушырасып, оны
кемеге мингиздик те, Митилина
қаласына бардық. 15 Ол жерден ке-
ме менен жолға шығып, ертеңине
Хиос атаўының қарсысына келдик.
Бир күннен соң Самос атаўына*,
оның ертеңине Милит қаласына
бардық. 16 Азия үлкесинде ўақыт-
ты босқа жибермеў ушын, Павел
Эфеске бармай өтиўди уйғарды.
Егер мүмкин болса, ол Елиўинши
күни байрамында Ерусалимде бо-
лыўға асықпақта еди.

## Павелдиң эфесли ақсақаллар менен хошласқанда сөйлеген сөзи

17 Павел Милиттен Эфеске адам
жиберип, исениўшилер жәмәәти-
ниң ақсақалларын жанына ша-
қыртты. 18 Олар жанына келгенде,
Павел былай деди:
– Азия үлкесине қәдем басқан дәс-
лепки күнимнен баслап, сизлер

менен бирге болған ўақтымның
ҳәммесинде қалай жасағанным-
ды билесизлер. 19 Яҳудийлердиң
қастыяншылықлары себепли ба-
сымнан өткен қыйыншылықларға
қарамастан, Ийемизге толық ки-
шипейиллик пенен, сизлер ушын
көз жасларымды төгип хызмет ет-
тим. 20 Және де, пайдалы болған
ҳәр қандай нәрсени қалдырмай,
сизлерге халық алдында ҳәм үй-
лерде тәлим бериўди тоқтатпадым.
21 Яҳудийлерге де, греклерге де тәў-
бе етип Қудайға келиўди ҳәм Ийе-
миз Ийсаға исениўди жәрияладым.

22 Ал енди болса, Мухаддес Руўх-
тың жетелеўи менен Ерусалимге
баратырман. Ол жерде маған не
болатуғынын билмеймен. 23 Би-
рақ Мухаддес Руўх мени қамақ
ҳәм қыйыншылықлар күтип тур-
ғанын маған ҳәр бир қалада бил-
дирип атыр. 24 Буған қарамастан,
мен өз жанымды аямайман. Тек өз
бәйгимди басып өтип, Қудайдың
мийриминиң Хош Хабары туўралы
гүўалық бериўди, яғный Ийемиз
Ийсаның маған тапсырған исин
жуўмақласам болғаны.

25 Мен араңызда жүрип, Қудай-
дың Патшалығы ҳаққында жәрия-
ладым. Енди болса, сизлердиң ҳеш
қайсысыңыздың мениң жүзимди
қайтып көрмейтуғыныңызды би-
лемен. 26 Сонлықтан бүгин сизлер-
ге мынаны ашық айтаман, ким де
ким араңызда қутқарылмаса, мен
ол ушын жуўапкер емеспен. 27 Се-
беби сизлерге Қудайдың пүткил
еркин толық жәрияладым. 28 Өз-
лериңизге ҳәм Мухаддес Руўх
сизлерди бағыўшы қылып қойған
пүткил сүриўге көзқулақ болың-
лар! Қудайдың Өз Улының қаны
менен сатып алған исениўшилер
жәмәәтин бағыңлар! 29 Мен кет-
кеннен соң, сүриўди аямайтуғын
жыртқыш қасқырлардың араңыз-
ға киретуғынын билемен. 30 Ҳәтте,
араңыздан шәкиртлерди жолдан
азғырып, өзлериниң излерине ер-
тиў ушын, ҳақыйқатты бурмалаў-
шы адамлар шығады. 31 Сонлықтан
сергек болыңлар! Үш жыл бойы,
күн-түн демей көз жасларымды тө-
гип, ҳәр бириңизге үзликсиз ақыл-
нәсият бергенимди еслериңизде
сақлаңлар!

32 Енди мен сизлерди Қудайға ҳәм
Оның мийримин билдиретуғын
сөзге тапсыраман. Бул сөз сизлер-
ди беккемлеп, Қудайдың мухаддес
болған пүткил адамлары менен
бирге сизлерге де мийрас бериўге
қүдирети жетеди. 33 Мен ҳеш ким-
ниң гүмисин, алтынын ямаса ки-
йимин күсемедим. 34 Өзимниң ҳәм
мениң менен бирге болғанлардың
мүтәжликлери ушын усы қолларым
менен мийнет еткенимди билесиз-
лер. 35 Ийемиз Ийсаның: «Алған
адамнан гөре, берген адам бахыт-
лырақ», – деген сөзин умытпай,
усылай мийнет етип, ҳәлсизлерге
жәрдем бериў кереклигин сизлерге
ислеген ҳәр бир исимде көрсеттим.

36 Павел усы сөзлерди айтып бол-
ғаннан соң, олардың ҳәммеси ме-
нен бирге дизе бүгип, дуўа етти.
37 Олардың ҳәммеси қатты жылас-
ты ҳәм Павелди қушақлап сүйди.
38 Әсиресе оларды қатты қапа қыл-
ған, Павелдиң: «Мениң жүзимди
қайтып көрмейсиз», – деген сөз-
лери болды. Соңынан оны кемеге
дейин шығарып салды.

## Павелдиң Ерусалимге қарай жолға шығыўы

21 1 Олар менен хошласқаны-
мыздан кейин, кеме менен
жүзип, туўры Кос атаўына кеттик.
Ертеңине Родос атаўына, ол жер-
ден Патара қаласына келдик. 2 Сол
жерден Финикияға баратуғын кеме-
ни таўып миндик те, жүзип кеттик.
3 Кипр көрингенде, оның қубла тә-
репинен өтип, Сирияға қарай жол
алдық. Кеме Тир қаласында жүгин
түсириў керек болғанлықтан, сол
жерде тоқтадық. 4 Ол жерде шә-
киртлерди излеп таўып, олар менен
бирге жети күн қалдық. Шәкирт-
лер Мухаддес Руўхтың билдириўи
менен, Павелден Ерусалимге бар-
маўды өтинди. 5 Бирақ кететуғын
ўақтымыз болғанда шығып, жо-
лымызды даўам еттик. Ҳәмме исе-
ниўшилер ҳаял ҳәм бала-шағалары
менен бирге бизлерди қаланың
сыртына дейин шығарып салды. Те-
ңиздиң жағасында дизе бүгип, дуўа
еттик. 6 Бир-биримиз бенен хош-
ласқанымыздан соң, кемеге мин-
дик. Ал олар үйлерине қайтты.
7 Тирден жолымызды даўам етип,
Птолемайда қаласына келдик. Ол
жердеги туўысқанларымыз бенен
көрисип, олардың жанында бир
күн қалдық. 8 Ертеңине шығып,
Кесарияға келдик. Сайланған же-
ти хызметшиниң бири болған, Хош
Хабар жәриялаўшы Филиптиң үйи-
не барып, оның менен қалдық. 9 Бул
адамның пайғамбаршылық етету-
ғын, турмысқа шықпаған төрт қы-
зы бар еди.
10 Сол жерде бир талай күн болға-
нымыздан соң, Яҳудиядан Агабус
атлы бир пайғамбар келди. 11 Ол
бизлерге келип, Павелдиң белбе-
ўин алды да, оның менен өзиниң
аяқ-қолларын байлап:
– Мухаддес Руўх былай дейди:
«Яҳудийлер бул белбеўдиң ийесин
Ерусалимде усылай етип байлап,
басқа миллет адамларына услап
береди», – деди.
12 Бул сөзлерди еситип, бизлер
ҳәм сол жердеги адамлар Павел-
ден Ерусалимге бармаўын өтиндик.
13 Сонда Павел былай деп жуўап
берди:
– Не ислеп атырсызлар? Неге жы-
ласып, жүрегимди езип атырсыз-
лар? Мен Ийемиз Ийсаның аты
ушын Ерусалимде тек аяқ-қолым-
ды байлатыўға емес, ал өлиўге де
таярман.
14 Павелди көндире алмағанлық-
тан: «Ийемиздиң қәлегени бол-
сын», – деп қайтып үндемедик.
15 Сол күнлерден соң жолға та-
ярланып, Ерусалимге келдик.
16 Кесариядағы шәкиртлердиң айы-
рымлары да бизлер менен бирге
келди. Олар бизлерди жасап турыў
ушын дәслепки шәкиртлердиң би-
ри болған, кипрли Минасонның
үйине алып барды. Бизлер сол үй-
де болдық.

## Павелдиң Яқып пенен ушырасыўы

17 Ерусалимге келгенимизде,
туўысқанларымыз бизлерди қу-
ўанышлы түрде қарсы алды. 18 Ер-
теңине бизлер Павел менен бирге
Яқыпты көриўге бардық. Ақса-
қаллардың ҳәммеси де сол жерге
жыйналған еди. 19 Павел олардан
ҳал-аўҳал сорағаннан кейин, өз

хызмети арқалы Қудайдың басқа
миллетлер арасында ислеген ис-
лерин бирим-бирим айтып берди.
[20] Олар буны еситип, Қудайды
алғыслады да, Павелге былай деди:
– Туўысқанымыз Павел! Өзиң
көрип турсаң, яҳудийлер ара-
сында Ийемизге исениўши көп
мыңлаған адамлар бар. Олардың
ҳәммеси Мухаддес Нызамға жүдә
инталы. [21] Олардың алған хабары-
на қарағанда, сен басқа миллетлер
арасында жасайтуғын барлық яҳу-
дийлерге балаларын сүннет ет-
пеўлерин ҳәм үрп-әдетлеримизди
орынламаўын айтып, Муўсаның
Нызамынан бас тартыў кереклигин
үйретип жүрген екенсең. [22] Енди
не қылыў керек? Олар әлбетте, се-
ниң усы жерге келгениңди еситеди.
[23] Сонлықтан мына айтқанымыз-
ды исле. Арамызда Қудай алдында
ант ишкен төрт адам бар. [24] Оларды
жаныңа алып, тазаланыў рәсими-
нен өт. Олар шашларын алдыры-
ўы ушын, керекли қурбанлықтың
қунын сен төле. Солай етип, ҳәмме
адам сен ҳаққында еситкенлери-
ниң тийкарсыз екенин ҳәм сениң
Мухаддес Нызам бойынша жасап
атырғаныңды билсин. [25] Ал басқа
миллет исениўшилерине келсек,
бизлер оларға бутларға шалын-
ған қурбанлықтың гөшинен, қан-
нан, буўындырылып өлтирилген
ҳайўанлардың гөшинен ҳәм бу-
зықшылықтан аўлақ болыўлары
туўралы қарарымызды жазып жи-
берген едик.
[26] Келеси күни Павел жанына
сол төрт адамды алып, олар менен
бирге тазаланыў рәсиминен өтти.
Соңынан тазаланыў күнлериниң
қашан тамам болатуғынын ҳәм
ҳәр бири ушын қашан қурбанлық
шалынатуғынын билдириў ушын,
Ибадатханаға кирди.

## Павелдиң қолға алыныўы

[27] Жети күнлик мүддет тамамла-
ныўға шамаласқанда, Азия үлке-
синен келген яҳудийлер Павелди
Ибадатханада көрип, пүткил ха-
лыққа қозғалаң салды да, оны ус-
лап алып:
[28] – Ҳәй, израиллылар, жәрдем
бериңлер! Бул адам ҳәмме жер-
де ҳәмме адамларға бизиң хал-
қымызға, Мухаддес Нызамға ҳәм
Ибадатханаға қарсы тәлим берип
жүр. Оның үстине, греклерди де
Ибадатханаға алып келип, бул му-
хаддес орынды ҳарамлады, – деп
бақырысты.
[29] Өйткени олар буннан алдын
Павелди қалада эфесли Трофим
менен бирге көргенликтен, Павел
оны Ибадатханаға алып келген, деп
ойлайтуғын еди.
[30] Пүткил қала аяққа турды. Ҳәр
тәрептен жуўырысып келген ха-
лық Павелди услап, Ибадатхана-
ның сыртына сүйреп шығарды. Сол
ўақытта-ақ Ибадатхананың дәрўа-
засы жабылды. [31] Олар Павелди өл-
тирмекши болып атырғанда, Рим
мыңбасысына: «Пүткил Ерусалим
қозғалаң көтерди!» – деген хабар
жетип барды. [32] Мыңбасы дәрҳал
әскерлер менен жүзбасыларды жа-
нына алып, халық турған жерге
жуўырып келди. Олар мыңбасы
менен әскерлерди көргенде, Па-
велди урыўды тоқтатты.
[33] Сонда мыңбасы жақынлап ке-
лип, Павелди тутқынға алды да,

қос шынжыр менен байлаўды бу-
йырды. Соңынан:
– Бул ким? Ол не иследи? – деп
сорады.
34 Халық ишинен биреўи анаў,
биреўи мынаў, деп бақырды ҳәм
шаўқым себепли жөнли жуўап ала
алмағанлықтан, мыңбасы Павел-
ди әскерий бөлимге алып кетиўди
буйырды. 35 Павел басқышқа кел-
генде, халық сондай ғәзепли бол-
ғанлықтан, әскерлер оны көтерип
жүриўге мәжбүр болды. 36 Халық
оның изинен:
– Оны жоқ етиңлер! – деп бақы-
рып жүрди.

### Павелдиң өзин ақлаўы

37 Әскерий бөлимге кирейин деп
атырғанда, Павел мыңбасыға:
– Сизге бир нәрсе айтсам бола
ма? – деди.
Мыңбасы:
– Сен грекше билесең бе? 38 Де-
мек, сен буннан бурын қозғалаң
көтерип, төрт мың қозғалаңшы-
ны шөлге апарған мысырлы емес
екенсең-ғо, – деди.
39 Павел:
– Мен яҳудиймен. Киликияның
белгили қаласы Тарсустың пуқа-
расыман. Сизден өтиниш, халық-
қа сөз сөйлеўге рухсат етиң, – деди.
40 Мыңбасы рухсат етиўден, Павел
басқыштың үстинде турып, халық-
қа қолы менен ишарат етти. Терең
тынышлық орнағаннан соң, олар-
ға еврей тилинде сөйлей баслады.

**22** 1 – Туўысқанларым ҳәм аға-
ларым! Енди сизлерге айта-
жақ, өзимди ақлаўшы сөзлеримди
тыңлаңлар!
2 Павелдиң өзлерине еврейше
сөйлегенин еситкенде, олар бу-
рынғыдан бетер тым-тырыс бол-
ды. Павел былай деп даўам етти:
3 – Мен яҳудиймен. Киликия-
ның Тарсус қаласында туўылып,
усы Ерусалим қаласында өстим.
Гамалиелдиң қолы астында ата-
бабаларымыздың нызамы бойын-
ша муқыятлы түрде тәрбияландым.
Ҳәзир сизлердиң ҳәммеңиз сыяқ-
лы, мен де Қудайға инталы хыз-
мет еттим. 4 Ийсаның жолы менен
жүриўшилерди өлгенше қуўдалап,
еркек пе, ҳаял ма деместен, оларды
байлап қамаққа салдым. 5 Бас руў-
ханий менен барлық ақсақаллар
кеңеси де сөзлеримди тастыйық-
лай алады. Мен олардан Дамаск-
теги яҳудийлерге жазылған хат
алып, жолға шыққан едим. Мениң
мақсетим Ийсаға исенетуғын сол
жердеги адамларды да байлап, жа-
залаў ушын Ерусалимге әкелиў еди.
6 Мен жолға шығып, Дамаскке
жақынлағанымда, түслер шама-
сында тосаттан аспаннан түскен
бир жарық нур әтирапымды жар-
қыратып жиберди. 7 Мен жерге жы-
ғылдым ҳәм бир даўыстың маған:
«Шаул, Шаул! Сен неге Мени қуў-
далап атырсаң?» – дегенин еситтим.
8 «Сен кимсең, Ийем?» – деп со-
радым мен. Ол маған: «Мен – сен
қуўдалап атырған насыралы Ийса-
ман» – деди. 9 Мениң жанымдағы-
лар нурды көрсе де*, мениң менен
сөйлескенниң сөзлерин түсинбеди.
10 «Ийем, не ислеўим керек?» – деп
сорадым мен. Ийемиз маған: «Ор-
ныңнан турып, Дамаскке бар. Саған
бекитилген ислердиң ҳәммеси сол
жерде айтылады», – деди. 11 Жаңағы

нурдың салтанатлы жақтысынан
көзлерим көрмей қалғанлықтан,
жанымдағылар қолымнан услап,
мени Дамаскке жетеклеп апарды.
12 Сол жерде Ханания атлы бир
диншил адам бар еди. Ханания сол
жердеги барлық яҳудийлер ара-
сында жақсы аты шыққан адам
болып, Мухаддес Нызам бойын-
ша жасайтуғын еди. 13 Ол жаны-
ма келип турды да: «Туўысқаным,
Шаул! Көзлериң көрип кетсин!» –
деди. Мениң сол ўақытта-ақ көз-
лерим ашылып, оны көрдим.
14 Ханания былай деди: «Ата-ба-
баларымыздың Қудайы Өзиниң ер-
кин билиўиң ушын ҳәм ҳақ Адамды
көрип, Оның аўзынан шыққан сес-
ти еситиўиң ушын, сени таңлады.
15 Себеби сен көргенлериңди ҳәм
еситкенлериңди барлық адамлар-
ға жәриялап, Оның гүўасы боласаң.
16 Енди нени күтип отырсаң? Ор-
ныңнан турып, суўға шомылдырыл
ҳәм Оның атын айтып шақырып,
гүналарыңнан тазалан!»
17 Мен Ерусалимге қайтып келип,
Ибадатханада дуўа етип отырға-
нымда, айрықша жағдайға түсип,
Ийемизди көрдим. 18 Ол маған: «Те-
зирек Ерусалимнен кет! Өйткени
бул жердеги адамлар сениң Мен
туўралы берген гүўалығыңды қа-
был етпейди», – деди.
19 Мен Оған былай дедим: «Ийем!
Олар мениң мәжилисханама-мәжи-
лисхана жүрип, Саған исенетуғын-
ларды қамап, сабағанымды биледи.
20 Және де, Сениң гүўаң Степанның
қаны төгилгенде, мен де сол жер-
де едим. Мен оны өлтиргенлердиң
кийимлерин қараўыллап, олардың
исин мақуллап турдым».
21 Ийемиз маған: «Бар! Мен сени
узаққа, басқа миллетлерге жибере-
мен», – деди.

### Рим пуқарасы Павел

22 Адамлар Павелди усы сөзле-
рине дейин тыңлады. Бирақ соң-
ғы сөзлерди еситкенде:
– Бундай адамды жер бетинен
қуртыў керек, ол жасаўға ылайық-
лы емес! – деп даўысларының ба-
рынша бақыра баслады.
23 Олар усылай бақырысып, ашыў
менен кийимлерин ылақтырып, ас-
панға шаң-тозаң көтерип турғанда,
24 мыңбасы Павелди әскерий бө-
лимниң ишине апарыўды буйырды.
Халықтың Павелге қарсы не ушын
усылай бақырып атырғанын билиў
ушын, оны қамшылап, тергеўди
тапсырды. 25 Қолларын керип, қа-
йыс пенен байлап атырғанда, Па-
вел сол жерде турған жүзбасыға:
– Рим пуқарасын ҳүким етпей ту-
рып қамшылаў нызамға туўры ке-
ле ме? – деди.
26 Жүзбасы буны еситкенде, мың-
басыға барып хабар берди де:
– Не ислейин деп атырсызлар?
Бул адам – Рим пуқарасы екен-
ғо, – деди.
27 Сонда мыңбасы Павелдиң жа-
нына келип:
– Маған айтшы, сен Рим пуқара-
сымысаң? – деп сорады.
– Аўа, – деди Павел.
28 – Мен бул пуқаралыққа көп ақ-
ша менен еристим, – деди мыңбасы.
– Ал мен Рим пуқарасы болып ту-
ўылдым, – деди Павел.
29 Сонда Павелди тергемекши
болғанлар дәрҳал жанынан шегин-
ди. Павелди байлатқан мыңбасы да

оның Рим пуқарасы екенин бил-
генде қорқып кетти.

### Павел жоқарғы кеңес алдында

30 Ертеңине мыңбасы яҳудий-
лердиң Павелди не ушын айыплап
атырғанын анық билмекши бол-
ғанлықтан, оны кисенлерден бо-
сатты да, бас руўханийлер менен
пүткил жоқарғы кеңестиң жыйна-
лыўын буйырды. Соңынан Павел-
ди алып келип, олардың алдында
турғызып қойды.

## 23

1 Павел жоқарғы кеңес ағ-
заларына дыққат пенен
нәзер салып:
– Туўысқанларым! Мен бүгинги
күнге дейин Қудайдың алдында
пәк ҳүждан менен жасадым, – де-
генде, 2 бас руўханий Ханания Па-
велдиң жанында турғанларға оның
аўзына урыўды буйырды. 3 Сонда
Павел оған:
– Ҳәй, еки жүзли! Сени Қудай ура-
ды! Сен мени Мухаддес Нызам бо-
йынша ҳүким етиў ушын отырсаң,
бирақ Мухаддес Нызамды бузып, ме-
ни урыўды буйырып атырсаң, – деди.
4 Павелдиң қасында турғанлар:
– Қудайдың бас руўханийин де
мазақ етиўге бола ма? – деди.
5 Павел былай деди:
– Туўысқанларым, оның бас руў-
ханий екенин билмейтуғын едим.
Себеби: «Өз халқыңның басшысы-
на жаман сөз айтпа»[а], – деп Мухад-
дес Жазыўда айтылған-ғо.
6 Сонда олардың бир бөлеги-
ниң саддукейлер, басқа бөлегиниң
парисейлер екенин билген Павел жо-
қарғы кеңесте бәлент даўыс пенен:
– Туўысқанларым! Мен парисей-
мен ҳәм парисейдиң улыман. Мен
өлилердиң қайта тирилиўинен
үмит еткеним ушын ҳүким ети-
лип атырман, – деди.
7 Павел буны айтқанда, парисей-
лер менен саддукейлер арасында
жәнжел пайда болып, жыйналған-
лар екиге бөлинди. 8 Өйткени сад-
дукейлер өлимнен қайта тирилиў
де, периште де, руўх та жоқ, дейди.
Ал парисейлер булардың ҳәммесин
тән алады. 9 Солай етип, жыйналыс-
та күшли шаўқым басланды. Пари-
сейлер топарынан айырым диний
муғаллимлер орынларынан турып:
– Бизлер бул адамнан ҳеш қан-
дай айып таппай турмыз. Егер оған
руўх ямаса периште сөйлеген болса
ше?* – деп қызып сөйледи.
10 Жәнжел кем-кемнен күшейип
баратырғанлықтан, олардың Па-
велди тилкимлеп таслаўынан қорқ-
қан мыңбасы әскерлерге төменге
түсиўди ҳәм олардың арасынан оны
күш пенен алып кетип, әскерий бө-
лимге апарыўды буйырды. 11 Сол
түни Ийемиз Павелге көринип:
«Мәрт бол! Мен туўралы Ерусалим-
де қалай гүўалық берген болсаң,
Римде де солай гүўалық бериўиң
тийис», – деди.

### Павелди өлтириў ушын тил бириктириў

12 Ертеңине яҳудийлер тил би-
риктирип: «Павелди өлтирмегени-
мизше ишип-жесек, бизлерге нәлет
болсын», – деп өз ара ант ишти.

---

а **23:5** Шығ 22:28.

13 Бул тил бириктириўге қатнас-
қанлардың саны қырықтан аслам
еди. 14 Олар бас руўханийлер менен
ақсақалларға барып былай деди:
– «Павелди өлтирмегенимизше
аўзымызға бир түйир нәрсе алсақ,
бизлерге нәлет болсын», – деп қа-
тал түрде ант иштик. 15 Енди сиз-
лер жоқарғы кеңес пенен бирликте
мыңбасыға барың да, өзлериңизди
Павелдиң мәселесин еле де анығы-
рақ тексеретуғын қылып көрсетип,
оны сизлерге алып келиўин өтиниш
етиңлер. Ол кеңеске келместен бурын
бизлер оны өлтириўге таяр турамыз.
16 Бирақ Павелдиң жийени олар-
дың тил бириктиргенин еситип қа-
лып, әскерий бөлимге барды да, бул
хабарды Павелге жеткизди. 17 Па-
вел жүзбасылардың бирин жаны-
на шақырып:
– Бул жигитти мыңбасыға алып
барың, айтатуғын гәпи бар екен, –
деди.
18 Жүзбасы жигитти мыңбасыға
алып келди де:
– Тутқын Павел мени шақырып,
мына жигитти сизге апарыўымды
өтиниш еткен еди. Оның сизге ай-
тажақ гәпи бар екен, – деди.
19 Мыңбасы жигиттиң қолынан
услады да, оны шетке шығарып:
– Маған не айтпақшы единң? – деп
сорады.
20 Жигит былай деп жуўап берди:
– Яҳудийлер өз ара тил бирикти-
рип, Павелдиң мәселесин анығы-
рақ тексериў сылтаўы менен, оны
ертең жоқарғы кеңеске алып кели-
ўиңизди сизден өтиниш етпекши.
21 Бирақ сиз оларға қулақ салмаң!
Себеби олардың қырықтан асламы
оны тасада күтпекте. Олар: «Павелди
өлтирмегенимизше ишип-жесек,
бизлерге нәлет болсын!» – деп ант
ишти. Енди олар сизиң қайылшы-
лығыңызды күтип, таяр болып ту-
рыпты.
22 Мыңбасы жигитке:
– Буларды маған хабарлағаныңды
ҳеш кимге айтпа! – деп тапсырды
да, оны қайтарып жиберди.

### Павелдиң Кесарияға алып барылыўы

23 Соңынан мыңбасы жүзбасы-
лардың екеўин жанына шақырып
алып былай деди:
– Түнде, саат тоғызда Кесарияға
кетиў ушын, еки жүз пияда әскер,
жетпис атлы ҳәм еки жүз найза-
лы әскер таярлаңлар. 24 Павелди
миндирип, оны аман-есен ҳәким
Феликске жеткизиў ушын, атлар
менен тәмийинлеңлер.
25 Соңынан мыңбасы төмендеги
хатты жазды:
26 «Ҳүрметли ҳәким Феликске
Клавдий Лисястан сәлем!
27 Яҳудийлер бул адамды услап
алып өлтирейин деп атыр еди. Би-
рақ мен оның Рим пуқарасы еке-
нин билгенимнен соң, әскерлерим
менен жетип барып, қутқарып
қалдым. 28 Оны не ушын айыплап
атырғанын билмекши болып, яҳу-
дийлердиң жоқарғы кеңесине алып
бардым. 29 Сонда оның яҳудийлер-
диң нызамына байланыслы тартыс-
лы нәрселер себепли айыпланып
атырғанын анықладым. Бирақ он-
да өлимге ямаса қамалыўға ылайық
ҳеш қандай айып жоқ. 30 Бул адамға
қарсы қастыяншылық исленежақ
екенлиги маған хабар етилгенде,
оны дәрҳал сизге жолладым. Оның

айыплаўшыларына да оған қарсы
шағымларын сизиң алдыңызда ай-
тыўды буйырдым».
31 Солай етип, әскерлер өзлерине
берилген буйрық бойынша Павел-
ди алып, түнде Антипатрис деген
қалашаға барды. 32 Ертеңине олар
атлы әскерлерди Павел менен жол-
ды даўам етиў ушын қалдырып, өз-
лери әскерий бөлимге қайтып келди.
33 Атлы әскерлер Кесарияға барып,
хатты ҳәкимге берди де, Павелди
оның қолына тапсырды. 34 Ҳәким
хатты оқып, Павелден қайсы үл-
кеден екенин сорады. Киликия-
лы екенин билгенде, оған: 35 «Сени
айыплаўшыларың келгенде тыңлай-
ман», – деди де, оның Ҳиродтың са-
райында қараўылланыўын буйырды.

**Павел ҳәким Феликс алдында**

**24** 1 Арадан бес күн өткеннен
соң, бас руўханий Ханания
айырым ақсақаллар ҳәм Тертулус
атлы шешен бир нызам қәнийгеси
менен Кесарияға келип, ҳәкимге
Павелдиң үстинен шағым жасады.
2 Павел шақырылғанда, Тертулус
оны айыплай баслады:
– Уллы мәртебели Феликс! Сизиң
арқаңызда узақ ўақытлардан бе-
ри тынышлықта жасап атырмыз.
Сизиң келешекти көре билетуғы-
ныңыз арқалы бул миллеттиң аба-
даншылығы раўажланып бармақта.
3 Бизлер буны ҳәмме ўақытта, ҳәм-
ме жерде үлкен миннетдаршылық
пенен мойынлаймыз. 4 Бирақ сизиң
ўақтыңызды алмаў ушын, бизлер-
диң айтажақ бир аўыз сөзимизди
дыққат пенен тыңлаўыңызды өти-
ниш етемен.
5 Бизлер бул адамды дүнья жү-
зиндеги пүткил яҳудийлер ара-
сында қозғалаң көтерген иллеттей
қәўипли бир адам деп таптық. Ол
«Насыралылар»[a] деп аталған то-
пардың жетекшилериниң бири.
6 Ҳәтте, ол Ибадатханамызды да
ҳарамламақшы болғанда, бизлер
оны қолға алдық. [7 *] 8 Сиз де оны
тергегениңизде, бизлердиң оны не
ушын айыплап атырғанымыздың
ҳәммесин өзинен билип аласыз.
9 Яҳудийлер де Павелди айып-
лап, айтылғанлардың дурыс еке-
нин мақуллады.
10 Ҳәким Павелдиң сөйлеўи ушын
ишарат еткенде, Павел былай деп
жуўап берди:
– Сизиң көп жыллардан бери бул
миллетке қазылық етип киятыр-
ғаныңызды билип, өзимди сизиң
алдыңызда ақлайтуғыныма қуўа-
нышлыман. 11 Мениң Ерусалимге
сыйыныў ушын келгениме он еки
күннен көп болмағанын өзиңиз би-
лип алыўыңызға болады. 12 Олар
мениң я Ибадатханада, я мәжилис-
ханаларда, я қаланың басқа бир
жеринде биреў менен тартысып тур-
ғанымды ямаса халыққа қозғалаң са-
лып жүргенимди көрмеди. 13 Ҳәзир
де маған тағып атырған айыпларын
сизге дәлиллеп бере алмайды. 14 Би-
рақ, сизге мынаны мойынлайман:
олар «азғын топар» деп атайтуғын
жол бойынша мен ата-бабаларым-
ның Қудайына сыйынып, Мухад-
дес Нызамда ҳәм пайғамбарлардың

---

a **24:5** *Насыралылар* – Ийса Насыра қаласынан болғанлықтан, Оған исениў-
ши адамларды «Насыралылар» деп атаған.

Жазыўларында айтылған ҳәр бир
нәрсеге исенемен. 15 Бул адамлар сы-
яқлы мен де ҳақ адамлардың да, гү-
накарлардың да қайта тирилиўине
Қудайдан үмит етемен. 16 Сонлықтан
да, мен Қудайдың ҳәм адамлардың
алдында пәк ҳүжданлы болыўға ҳәм-
ме ўақыт тырысаман.
17 Миллетиме қайыр-садақа,
Қудайға қурбанлықлар бериў ушын,
көп жылдан соң Ерусалимге қайтып
келдим. 18 Мен тазаланыў рәсими-
нен өтип, усыларды ислеп атырға-
нымда, олар мени Ибадатханада
көрди. Сонда мениң қасымда көп
адам да, шаўқым да болған жоқ.
19 Бирақ ол жерде Азия үлкесинен
келген айырым яҳудийлер бар еди.
Сизиң алдыңызда әне солар турып,
маған тағатуғын айыплары бар бол-
са, айтыўлары керек. 20 Я болмаса,
жоқарғы кеңестиң алдында турға-
нымда, меннен қандай айып тапқа-
нын бул жердеги адамлар айтсын.
21 Мен тек олардың алдында турға-
нымда: «Өлилердиң қайта тириле-
туғынына исенгеним ушын, бүгин
мен ҳүким етилип атырман», – деп
бақырған едим.
22 Сонда Феликс Ийсаның жо-
лы туўралы жақсы билгенликтен:
– Даўыңызды мыңбасы Лисяс
келгенде шешемен, – деди де, ис-
тиң қаралыўын кейинге қалдырды.
23 Соңынан ол жүзбасыға Павел-
ди қараўыллаўды, бирақ еркинлик
берип, досларының оған жәрдемле-
сиўине тыйым салмаўды буйырды.

### Павелдиң Кесарияда тутқын болыўы

24 Бир қанша күннен соң, Фе-
ликс өзиниң Друзилла атлы яҳудий
ҳаялы менен бирге келди. Ол Па-
велди шақыртып алып, оның
Масийх Ийсаға исениў ҳаққында
айтқанларын тыңлады. 25 Павел
ҳақлық, өзин тыйыў ҳәм келешек-
теги ҳүким ҳаққында айтқанда Фе-
ликс қорқып кетип:
– Ҳәзирше бара бер. Ўақыт тапсам,
сени және шақыртып аламан, – де-
ди. 26 Соның менен бирге, босаты-
лыўы ушын Павелдиң өзине пара
бериўинен үмит ететуғын еди. Сон-
лықтан оны тез-тез шақыртып,
оның менен гүрриңлесетуғын еди.
27 Бирақ арадан еки жыл өткенде,
Феликстиң орнына Поркий Фест
келди. Феликс яҳудийлерге жа-
ғынғысы келгенликтен, Павелди
қамақта қалдырып кетти.

### Павел Фесттиң алдында

25 1 Фест үлкеге ҳәкимлик
ўазыйпасына келгеннен
соң үш күн өткенде, ол Кесария-
дан Ерусалимге барды. 2 Сонда бас
руўханийлер менен яҳудийлердиң
басшылары оған Павелдиң үсти-
нен шағым жасады. 3 Мийримли-
лик көрсетип, Павелди Ерусалимге
жибериўин оннан жалынып со-
рады. Ал өзлери Павелди жолда
өлтирмекши болып, тил бириктир-
ген еди. 4 Фест оларға жуўап берип,
Павелдиң Кесариядағы қамақта
екенин ҳәм өзиниң де жақында сол
жерге баратуғынын айтты да:
5 – Араңызда бийлиги барлар ме-
ниң менен бирге барып, сол адам
бир қылмыс ислеген болса, оны
айыпласын, – деди.
6 Фест олардың жанында сегиз
ямаса он күннен артық қалмай, Ке-
сарияға қайтты. Ертеңине ол ҳүким

гүрсисине отырып, Павелди алып
келиўди буйырды. 7 Павел келген-
де, Ерусалимнен барған яҳудий-
лер оның әтирапын қоршап алды
да, оған өзлери дәлиллеп бере ал-
майтуғын көп аўыр айыплар тақты.
8 Павел өзин ақлап:
– Мен я яҳудийлердиң нызамы-
на, я Ибадатханаға, я Рим импера-
торына қарсы ҳеш қандай жынаят
ислегеним жоқ, – деди.
9 Бирақ яҳудийлерге жағынғысы
келген Фест Павелге:
– Ерусалимге барып, сол жерде
усылар бойынша мениң алдымда
ҳүким етилиўди қәлейсең бе? – деди.
10 Павел былай деди:
– Мен Рим императорының ҳүким
гүрсиси алдында турман. Мен усы
жерде ҳүким етилиўим тийис. Ме-
ниң яҳудийлерге ҳеш қандай жа-
манлық ислемегенимди өзиңиз жүдә
жақсы билесиз. 11 Егер мен айыплы
болсам ҳәм өлимге ылайықлы бир
нәрсе ислеген болсам, өлимнен бас
тартпас едим. Ал егер булардың ма-
ған тағып атырған айыплары тий-
карсыз болса, онда ҳеш бир адамның
мени олардың қолына услап бериў-
ге ҳақысы жоқ. Мен императордың
ҳүкимин талап етемен.
12 Сонда Фест кеңесгөйлери ме-
нен мәсләҳәтлескеннен соң:
– Сен Рим императорының ҳүки-
мин талап еттиң, енди императорға
барасаң, – деп жуўап берди.

### Павел Агриппа патшаның алдында

13 Бир қанша күннен соң, Агрип-
па патша менен Берника[a] Фестти
қутлықлаў ушын Кесарияға келди.
14 Олар сол жерде көп күн қалған-
лықтан, Фест Павелдиң исин пат-
шаға билдирип былай деди:
– Бул жерде Феликс қамақта қал-
дырып кеткен бир адам бар. 15 Мен
Ерусалимде болғанымда, яҳудий-
лердиң бас руўханийлери менен ақ-
сақаллары оған айып тағып, оны
жазалаўымды талап қылған еди.
16 Мен оларға: «Айыпланыўшы
өз айыплаўшылары менен жүзлес-
пей турып, оған тағылып атырған
айыплардан өзин қорғаўға мүм-
киншилик берместен, оны услап
бериў – римлилердиң әдетине қай-
шы келеди», – деп жуўап бердим.
17 Сонлықтан олар мениң менен
бул жерге келгенде, мен ўақыт-
ты босқа жибермей, ертеңине-
ақ ҳүким гүрсисине отырдым да,
сол адамның алып келиниўин бу-
йырдым. 18 Бирақ айыплаўшылар
орынларынан турғанда, оған мен
күткен айыплардың ҳеш бирин
тақпады. 19 Тек олардың өз дини
ҳәм бир Ийса атлы өлген, бирақ
Павел тири деп тастыйықлаған
адам ҳаққында айырым тартыс-
лары бар екен. 20 Мен бул мәселе-
ни қалай шешиўди билмей басым
қатып, Павелден: «Ерусалимге ба-
рып, усылар бойынша сол жерде
ҳүким етилиўди қәлейсең бе?» –
деп сорадым. 21 Бирақ ол өз исин
Рим императорының қараўын ҳәм
оған дейин қамақта қалдырылы-
ўын талап етти. Сонлықтан мен
оны императорға жоллаўыма де-
йин қамақта болыўын буйырдым.
22 Сонда Агриппа Фестке:

---

a **25:13** *Берника* – Агриппаның қарындасы.

– Бул адамды мен де тыңлағым
келеди, – деди.
– Оны ертең-ақ тыңлайсыз, – де-
ди Фест.
23 Ертеңине Агриппа менен Бер-
ника уллы сән-салтанат пенен ке-
лип, мыңбасылар ҳәм қаланың
абырайлы адамлары менен бир-
ликте рәсмий залға кирди. Фест-
тиң буйрығы бойынша Павел алып
келинди. 24 Фест былай деди:
– Патша Агриппа ҳәм усы жердеги
ҳәмме адамлар! Сизлер мына адам-
ды көрип турсызлар. Ерусалимде
де, бул жерде де, пүткил яҳудий
халқы оның үстинен маған ша-
ғым жасап: «Ол буннан былай жа-
самаўы тийис» – деп бақырысқан
еди. 25 Бирақ мен оның өлим жа-
засына ылайық ҳеш қандай ис ис-
лемегенин анықладым. Оның өзи
императордың ҳүкимин талап ет-
кенликтен, оны Римге жибериўге
қарар еттим. 26 Ал менде болса, ол
ҳаққында ҳүкимдарға жазғандай,
белгили ҳеш нәрсе жоқ. Сонлықтан
бул тергеўдиң нәтийжесинде маған
жазыўға бир нәрсе табылып қа-
лар деп, оны сизлердиң алдыңыз-
ға, әсиресе, патша Агриппа, сизиң
алдыңызға шығардым. 27 Өйткени
тутқынды императорға жоллап,
оған қойылған айыпларды билдир-
меў надурыс болар, деп ойлайман.

## Павелдиң өзин ақлаўы

26 1 Агриппа Павелге:
– Өзиңди ақлап сөйлеўи-
ңе рухсат бериледи, – деди.
Сонда Павел қолын көтерип иша-
рат етти де, өзин ақлап сөйлей бас-
лады:
2 – Патша Агриппа! Яҳудийлер-
диң маған тағып атырған барлық
айыпларына қарсы бүгин өзимди
сизиң алдыңызда ақлап атырғаным
ушын бахтыярман, деп есаплайман.
3 Себеби әсиресе сиз яҳудийлер-
диң үрп-әдетлерин ҳәм тартыслы
мәселелерин жақсы билесиз. Сон-
лықтан мени сабырлылық пенен
тыңлаўыңызды өтиниш етемен.
4 Дәслеп өз елимде, соңынан Еру-
салимде жаслығымнан бери қалай
өмир сүргенимди пүткил яҳудий-
лер биледи. 5 Олар мени көп ўақыт-
тан бери таныйды ҳәм егер қәлесе,
динимиздиң ең қатал бағыты бо-
йынша парисей болып жасағаным
туўралы гүўалық бере алады. 6 Енди
болса, Қудайдың ата-бабаларымыз-
ға берген ўәдесине үмит еткеним
ушын, мен усы жерде турып, ҳү-
ким етилип атырман. 7 Бизиң он
еки урыўымыз күни-түни Қудайға
бар ықласы менен хызмет етип, бул
ўәдениң орынланыўынан үмит ете-
ди. Патшам, яҳудийлер мени, ми-
не, усы үмит себепли айыпламақта.
8 Қудайдың өлилерди тирилтиўин
сизлер неге исенип болмайтуғын
нәрсе, деп есаплайсызлар?
9 Негизинде мен де насыралы
Ийсаның атына қарсы қолымнан
келген ҳәмме нәрсени ислеўим ке-
рек, деп ойлайтуғын едим. 10 Мен
буны Ерусалимде иследим де. Бас
руўханийлерден алған бийлик пе-
нен мухаддеслердиң көбисин қа-
маққа салдырдым. Оларға өлим
жазасы берилиўи ушын даўыс бе-
ретуғын едим. 11 Мәжилисхана-
ма-мәжилисхана жүрип, оларды
тез-тез жазалап, Ийсаға тил тий-
гизиўге мәжбүрлейтуғын едим.

Оларға қәҳәрли болғаным с順шел-
ли, ҳәтте, оларды жат қалаларда да
қуўдаладым.
[12] Бир мәрте мен бас руўханий-
лерден бийлик ҳәм тапсырма алып,
Дамаскке қарай жолға шықтым.
[13] Патшам, тал түсте жолда ба-
ратырғанымда, аспаннан түсип,
мениң ҳәм жолдасларымның әти-
рапын жарқыратып жиберген қу-
яштың сәўлесинен де жарық бир
нурды көрдим. [14] Ҳәммемиз жерге
жығылғанымызда, бир даўыстың
маған еврей тилинде сөйлегенин
еситтим: «Шаул, Шаул, сен неге
Мени қуўдалап атырсаң? Маған
қарсы шығыўыңнан ҳеш қандай
пайда жоқ».
[15] «Ийем, Сен кимсең?» – деп со-
радым мен. Ийемиз жуўап берип
былай деди: «Мен – сен қуўдалап
атырған Ийсаман. [16] Қәне, тикейип,
орныңнан тур! Мени көргениң ҳәм
Мениң саған көрсетежақ нәрселе-
рим ҳаққында гүўалық бериўиң
ушын, және де, сени Өз хызмети-
ме тайынлаў ушын саған көрин-
дим. Сен көргенлериң ҳәм саған
көрсетежақ нәрселерим ҳаққын-
да гүўалық бересең. [17] Мен сени өз
халқыңның ҳәм басқа миллетлер-
диң қолынан қутқараман. [18] Бас-
қа миллетлердиң көзлерин ашып,
оларды қараңғылықтан жақтыға,
шайтанның қолы астынан Қудай-
ға апарыў ушын сени оларға жибе-
рип атырман. Солай етип, олардың
гүналары кеширилип, Маған деген
исенимлери менен мухаддес адам-
лардың арасынан үлес алсын».
[19] Сонлықтан, патша Агриппа, ас-
паннан берилген аянға бағынбай
тура алмадым. [20] Дәслеп Дамаск,
соңынан Ерусалим ҳәм пүткил Яҳу-
дия үлкесиндеги яҳудийлерге, жә-
не басқа миллетлерге де тәўбе етип
Қудайға жүз бурыўды ҳәм тәўбе-
ге ылайық ислер ислеўди жәрия-
лап жүрдим. [21] Яҳудийлердиң мени
Ибадатханада услап, өлтирмекши
болғанының себеби усы. [22] Бирақ
бүгинги күнге дейин маған Қудай
жәрдем берип келмекте. Сонлық-
тан үлкен-киши, ҳәммеге гүўалық
берип, усы жерде турман. Мениң
айтып турғанларым пайғамбар-
лардың ҳәм Муўсаның болжап айт-
қанларынан басқа емес. [23] Олар
Масийхтың азап шегетуғынын ҳәм
биринши болып өлимнен тириле-
туғынын, Өз халқына ҳәм басқа
миллетлерге нур ҳаққында жәрия-
лайтуғынын билдирген еди.
[24] Павел усы тәризде өзин ақлап
турғанда, Фест бәлент даўыс пенен:
– Павел, сениң есиң дурыс емес!
Көп оқығаның сени ақылыңнан
аздырыпты! – деди.
[25] Павел былай деди:
– Есим дурыс, ҳүрметли Фест!
Мениң сөзлерим ҳақыйқатқа ҳәм
ақылға сай. [26] Патша бул нәрселер
ҳаққында жақсы билгенликтен,
мен оның менен еркин сөйлесип
турман. Булардың ҳеш бириниң
оның дыққатынан шетте қалмаға-
нына исенемен. Өйткени бул бир
шетте болған жоқ. [27] Патша Агрип-
па! Сиз пайғамбарлардың сөзлери-
не исенесиз бе? Билемен, исенесиз.
[28] Сонда Агриппа Павелге:
– Мени аз-маз ўақыттың ишинде
көндирип, масийхый қылмақшы-
мысаң? – деди.
[29] – Тез арада болса да, узақ ўа-
қыттан кейин болса да, тек сиз емес,

ал бүгин мени тыңлап отырғанлардың ҳәммеси мына шынжырларсыз мен сыяқлы болыўын Қудайдан тилеймен, – деди Павел.

[30] Сонда патша, ҳәким, Берника ҳәм олар менен отырғанлар орынларынан турды. [31] Олар сыртқа шығып, өз ара: «Бул адам өлимге ямаса қамалыўға ылайық ҳеш нәрсе ислемеген», – дести.

[32] Агриппа Фестке: «Егер бул адам Рим императорының ҳүкимин талап етпегенде, оны азат қылыўға болар еди», – деди*.

### Павелдиң Римге қарай жолға шығыўы

**27** [1] Италияға кеме менен кетиўге қарар еткенимизде, Павел менен басқа айырым тутқынлар император Август атындағы әскерий бөлиминен болған Юлий атлы бир жүзбасыға тапсырылды. [2] Азия үлкесиниң жағаларындағы жағысларға баратуғын Адрамиттиң кемесине минип, бизлер жолға шықтық. Жанымызда Салоникадан келген македониялы Аристарх та бар еди.

[3] Ертеңине Сидонға жетип келдик. Юлий Павелге адамгершилик ислеп, оның өз мүтәжликлерине жәрдем алыўы ушын, досларына барып келиўине рухсат етти. [4] Ол жерден кеме менен және жолға шықтық. Самал қарсы алдымыздан есип турғанлықтан, Кипр атаўының ық жағы менен жүрдик. [5] Киликия ҳәм Памфилия үлкелериниң қарсы алдындағы ашық теңизден өтип, Ликияның Мира қаласына келдик. [6] Жүзбасы сол жерде Италияға баратуғын Искендериядан келген кемени таўып, бизлерди оған мингизди. [7] Көп күн бойы әсте-ақырын жүзип, зорға дегенде Книдосқа жетип бардық. Самалға қарсы жүзиў қыйын болғанлықтан, Крит атаўының ық жағы менен Салмон қаласының қасынан өттик. [8] Жаға бойлап зордан жүзип, Ласея қаласының қасындағы «Гөззал жағыс» деген жерге келдик.

[9] Бизлер көп ўақытты сарп етип алдық. Ҳәтте, яҳудийлердиң ораза күни[a] де өтип кеткенликтен, енди жүзиў қәўипли еди. Сонлықтан Павел оларға ескертип:

[10] – Адамлар! Бул жолымыз тек жүк ҳәм кеме ушын емес, ал жанларымыз ушын да жүдә қәўипли ҳәм зыянлы болатуғынын көрип турман, – деди.

[11] Бирақ жүзбасы Павелдиң сөзлеринен гөре, кеме айдаўшысы менен кемениң хожайынының сөзине қулақ асты. [12] Жағыс қыслаўға қолайлы болмағанлықтан, кемедегилердиң көбиси жолға шығыўды ҳәм илажы болса Финикске жетип, қысты сол жерде өткизиўди шешти. Финикс – қубла-батыс ҳәм арқа-батыс тәреплерге қараған, Критте жайласқан бир жағыс еди.

### Теңиздеги даўыл

[13] Қубладан жумсақ самал есе баслағанда, олар өз мақсетимизге жеттик деп ойлап, көшкини көтерди де, Криттиң жағасы менен

---

a **27:9** *Ораза күни* – яғный Гүнадан пәклениў күни. Бул күнлер теңизде күшли даўыллар көтерилетуғын гүз айларына туўра келетуғын еди.

жүзип кетти. 14 Бирақ көп өтпей,
атаў тәрептен «Арқа-шығыс» деп
аталатуғын даўыл бастырып келди.
15 Кеме даўыл тәрепинен искенжеге
алынып, самалға қарсы тура ала-
туғын күшимиз болмағанлықтан,
бизлер тәслим болып кете бердик.
16 Кавда деп аталатуғын бир киши
атаўдың ық жағына жеткенимиз-
де, кемениң қайығын зорға деген-
де сақлап үлгердик. 17 Кемешилер
қайықты жоқарыға тартып шыға-
рып, кемени айландырып арқан
менен беккем етип байлап қойды.
Ливия жағасының қайыр жерле-
рине тийиўден қорқып, тезликти
қайтаратуғын үскенени түсирди
де, ығып кете берди. 18 Даўыл биз-
лерди қатты қыйнағанлықтан, олар
ертеңине кемеден жүк ылақтыра
баслады. 19 Үшинши күни кемениң
қурал-сайманларын да өз қоллары
менен теңизге ылақтырды. 20 Көп
күн бойы қуяш та, жулдызлар да
көринбеди. Даўыл еле қәҳәрли бол-
ғанлықтан, ақырында аман қалыў-
дан үмитимизди пүткиллей үздик.

21 Адамлар көп ўақыттан бери
ҳеш нәрсе жемеген еди. Сонда Па-
вел ортаға шығып былай деди:

– Адамлар! Маған қулақ асып,
Криттен шықпағаныңызда, бун-
дай қәўип-қәтер менен шығынға
ушырамаған болар едик. 22 Би-
рақ енди сизлерди мәрт болыўға
шақыраман. Тек кеме ғана апатқа
ушырап, араңызда ҳеш бир жан на-
быт болмайды. 23 Себеби мен ти-
йисли болып, хызмет етип жүрген
Қудайдың бир периштеси өткен тү-
ни жаныма келип, 24 былай деди:
«Қорқпа Павел! Сен Рим импера-
торының алдына барыўың тийис.
Және Қудай сениң менен сапарлас
болғанлардың ҳәммесин саған ба-
ғышлады». 25 Сонлықтан, адамлар,
мәрт болыңлар! Мен Қудайға исе-
немен: маған не айтылса, сол бола-
ды. 26 Бизлер бир атаўға ығызылып
апарылыўымыз тийис.

27 Даўылдың басланғанына он
төрт күн болғанда, бизлер Адрия
теңизинде ығып жүр едик. Шама
менен түнниң ярымында кемеши-
лер қандай да бир қурғақлыққа
жақынласқанын шамалады. 28 Сон-
да олар теңиздиң тереңлигин өл-
шеп, жигирма қулаш екенин билди.
Аз-маз ўақыттан соң және өлшеп
көргенде, он бес қулаш екенин көр-
ди. 29 Суўдың астындағы жартас-
қа урылыўымыздан қорқып, олар
кемениң арт бетинен төрт көшки
ылақтырды да, таңның тезирек
атыўын тилеп, дуўа етти. 30 Кеме-
шилер кемеден қашпақшы болып,
алдынғы тәрептен көшки таслаў-
ды сылтаўлады да, қайықты теңиз-
ге түсире баслады. 31 Бирақ Павел
жүзбасы менен әскерлерге:

– Булар кемеде қалмаса, сизлерге
аман қалыў жоқ, – деди.

32 Сонда әскерлер қайықтың ар-
қанларын кесип, оны теңизге тү-
сирип жиберди.

33 Таң атайын деп турғанда, Па-
вел ҳәммени аўқат жеўге үгитлеп:

– Ҳеш нәрсе жемей аўқатсыз қа-
лып күткениңизге бүгин он төрт
күн болды. 34 Сонлықтан аўқат жеп
алыўыңызды өтиниш етемен. Бул
аман қалыўыңыз ушын зәрүр. Ҳеш
қайсысыңыздың бир тал шашыңыз
да набыт болмайды, – деди.

35 Павел усыларды айтып болып
нанды алды да, ҳәмменің алдында

Қудайға шүкирлик билдирип, нан-
ды бөлип жей баслады. 36 Сонда
ҳәмме жигерленип, аўқат жеди.
37 Кемеде барлығымыз болып еки
жүз жетпис алты жан едик. 38 Аў-
қатқа тойып болғаннан соң, олар
бийдайды теңизге төгип, кемени
жеңиллетти.

### Кемениң апатқа ушыраўы

39 Таң атқанда, кемешилер өзлери
келген жерди танымады. Бирақ жа-
ғасы қумлық болған бир қолтықты
көрип қалып, мүмкин болса, keme-
ни сол жерге апарып тоқтатыўды
уйғарды. 40 Көшкилердиң арқан-
ларын кесип, теңизге таслады да,
бағытлаўшы еки ескекти байла-
ған арқанларды шешти. Алдыңғы
желқомды самал тәрепке көтерип,
жағаға қарай жүзип кетти. 41 Би-
рақ кеме бир қумлы сайыз жерге
тап болып, тумсығы қумға батты
да, қыймылдамай қалды. Ал арт-
қы жағы күшли толқынлар тәре-
пинен соққыланып, сынып кетти.
42 Тутқынлар жүзип қашып ке-
теди деп ойлап, әскерлер олар-
ды өлтирмекши болды. 43 Бирақ
жүзбасы Павелди қутқарғысы ке-
лип, әскерлерге бул нийетин иске
асырыўға тыйым салды. Соңынан
жүзип билетуғынларға биринши
болып өзлерин теңизге атып, жа-
ғаға шығыўларын буйырды. 44 Ал
қалғанлары болса, кимиси тахтай,
кимиси кемениң сынық бөлекле-
ринен услап, олардың излеринен
жетип барды. Солай етип, ҳәмме-
си аман-есен жағаға шықты.

### Мальтада

28 1 Аман қалғанымыздан
соң, атаўдың атының
Мальта екенин билдик. 2 Жерги-
ликли адамлар бизлерге әдеттен
тыс адамгершилик көрсетти. Жа-
ўын жаўып, күн суўық болғанлық-
тан, олар от жағып, ҳәммемизди
жақсы қабыл етти. 3 Павел бир
қушақ отын жыйнап, оттың үсти-
не салды. Сонда оттың ыссысы-
нан қашқан бир уўлы жылан оның
қолына жабысты. 4 Жергиликли
адамлар Павелдиң қолына жылан-
ның асылып турғанын көрип, бир-
бирине:

– Бул адам, сөзсиз, адам өлтир-
ген қанхор екен. Теңизден аман
қалған болса да, әдиллик қудайы[a]
оның тири қалыўына жол қойма-
ды, – дести.

5 Бирақ Павел қолын силкип, жы-
ланды оттың ишине ылақтырып
жиберди ҳәм ҳеш қандай зыян көр-
меди. 6 Олар Павелдиң денесиниң
исип кетиўин ямаса бирден өлип
қалып, жерге жығылыўын күтип
тур еди. Бирақ узақ ўақыт күтип,
оған ҳеш қандай зыян келмегенин
көргенде, пикирлерин өзгертип:
«Ол бир қудай», – дести.

7 Бизлер турған жердиң жақы-
нында атаўдың басшысы болған
Публий атлы адамның жер мүл-
ки бар еди. Ол бизлерди үйине қа-
был етип, үш күн мийман қылды.
8 Сол ўақытта Публийдиң әкесиниң
ыссылығы көтерилип, иши өтип
аўырып жатырған еди. Павел оның

---

a **28:4** *Әдиллик қудайы* – греклердиң мифологиясы бойынша, әдилликти сақ-
лайтуғын ҳаял қудай.

жанына барып дуўа етти де, қол-
ларын оның үстине қойып, шыпа
берди. 9 Усы ўақыядан соң, атаў-
дағы басқа аўырыў адамлар да ке-
лип, шыпа табатуғын еди. 10 Олар
бизлерге көп ҳүрмет көрсетти ҳәм
жолға шығып баратырғанымызда
керекли нәрселерди кемеге жүкледи.

### Павелдиң Римге жетип барыўы

11 Үш айдан соң, Искендериядан
келип сол атаўда қыслап қалған,
Егиз қудайлардың тулғасы қойыл-
ған бир кеме менен жолға шық-
тық. 12 Сиракуз қаласына барып,
үш күн қалдық. 13 Ол жерден жо-
лымызды даўам етип, Региумға
келдик. Ертеңине қубладан есе бас-
лаған самалдың жәрдеми менен еки
күнде Путеолийге бардық. 14 Ол
жерден туўысқанларымызды тап-
тық. Олардың өтиниши бойынша,
бизлер олар менен бирге бир ҳәпте
қалдық. Ақырында бизлер Римге
келдик. 15 Хабарымызды еситкен
Римдеги туўысқанларымыз бизлер-
ди күтип алыў ушын Аппий май-
данына ҳәм Үш мийманхана деген
орынға дейин келди. Павел олар-
ды көргенде Қудайға шүкирлик
етип, жигерленип қалды. 16 Римге
келгенимизде, Павелге* өзин қа-
раўыллайтуғын әскер менен бирге
өз алдына жасаўға рухсат етилди.

### Павелдиң Римде ўаз айтыўы

17 Үш күннен соң, Павел Римдеги
яҳудий жетекшилерин шақырды.
Олар жыйналғанда, Павел былай
деди:
– Туўысқанларым! Мен халқы-
мызға ямаса ата-бабаларымыздың
үрп-әдетлерине қарсы ҳеш нәрсе
ислемесем де Ерусалимде тутқын
болып, римлилердиң қолына тап-
сырылдым. 18 Олар мени терген
болғаннан соң, босатып жибер-
мекши болды. Өйткени маған өлим
жазасын беретуғындай ҳеш қандай
тийкар жоқ еди. 19 Бирақ, яҳудий-
лер буған қарсы шыққанлықтан,
мен Рим императорының ҳүкимин
талап етиўге мәжбүр болдым. Де-
ген менен, буны мен өз халқымды
айыпламақшы болып ислемедим.
20 Сонлықтан сизлерди бул жерге
усылар ҳаққында сөйлесип, ушы-
расыўға шақырдым. Себеби мен
Израилдың үмити ушын мына
шынжырлар менен байланғанман.
21 Олар Павелге:
– Сен туўралы Яҳудиядан хат
алмадық, ол жерден келген өзи-
миздиң адамлардың ҳеш бири сен
туўралы жаман хабар да әкелме-
ди ямаса жаман нәрсе де айтпады.
22 Бирақ бизлер сениң пикириң-
ди өзиңнен еситиўди қәлеймиз.
Өйткени ҳәмме жерде сен тийис-
ли болған бул топарға қарсы шы-
ғып атырғанын билемиз, – деди.
23 Олар Павел менен бир күн-
ди белгилеп, сол күни көп адам-
лар менен бирге ол болып атырған
жерге келди. Павел азаннан кешке
дейин оларға Қудайдың Патша-
лығы туўралы гүўалық берип, тү-
синдирди. Муўсаның Нызамына
ҳәм пайғамбарлардың Жазыўла-
рына тийкарланып, оларды Ийса
ҳаққында айтылғанларға исенди-
риўге ҳәрекет етти. 24 Айырымла-
ры Павелдиң сөзлерине исенди, ал
базылары исенбей қалды. 25 Өз ара
бир келисимге келе алмай, Павел

мына соңғы сөзлерин айтып турғанда олар кете баслады:

– Мухаддес Руўх Ийшая пайғамбар арқалы ата-бабаларыңызға былай сөйлеп, дурыс айтқан:

26 «Бул халыққа барып, мыналарды айт:

Тыңлап турасыз, бирақ
түсинбейсиз,
Қарап турасыз, бирақ мән
бермейсиз.
27 Себеби бул халықтың жүреги
сезимсиз болып,
Қулақлары питип қалған,
көзлери гүңгиртлескен.
Олай болмағанда, олардың
көзлери көрер еди,
Қулақлары еситер еди,
жүреклери менен түсинер
еди.
Олар Маған қайтып келсе, Мен
оларға шыпа берер едим». [a]

28 Мынаны билип қойыңлар:
Қудай Өзиниң бул қутқарылыўын
басқа миллетлерге берди. Олар буны қабыл алады. [29 *]
30 Павел кирейге алған жайында толық еки жыл болып, өзин
көриўге келгенлердиң ҳәммесин
қабыл етти. 31 Ол батыллық пенен,
ҳеш бир тосқынлықсыз Қудайдың
Патшалығы туўралы жәриялап,
Ийемиз Ийса Масийх ҳаққында
тәлим берди.

---

[a] **28:26-27** Ийш 6:9-10.

# Яқыптың хаты

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Бул хат Жаңа Келисимдеги ең биринши китаплардың бири. Оны елши Яқып емес, ал Ийемиз Ийсаның иниси ҳәм Ерусалимдеги жәмәәтке жетекши болған Яқып жазған.

Яқып бул хатты қуўдалаўлар себепли тарқалып кеткен яҳудий исениўшилерди жигерлендирип, оларға жубаныш бериў ушын жазған еди. Исениўшилер сол дәўирде қуўғын себепли Ерусалимнен узақ жерлерге тарқалып кеткен болыўы мүмкин (Елш 8:1).

Хаттағы баслы тема – исенимди ислер арқалы көрсетиўден ибарат. Хатта ҳәр қандай сынаўларды қуўаныш пенен қабыл етиў кереклиги ҳаққында ҳәм еки жүзлиликтен қашып, ҳәмме нәрседе ҳадал болыў кереклиги ҳаққында сөз етиледи. Және де, исениўши дуўа еткенде, Қудайдың сөзине бойсынғанда, барлық ислерде, тилди тыйыўда ҳ. т. б. нәрселерде ҳадал болыўы ҳәм өмирдиң ҳәмме тараўларында өзин масийхый қылып көрсетиўи кереклиги ҳаққында айтылады.

---

### Сәлемнама

1 1 Мен, Қудайдың ҳәм Ийемиз
Ийса Масийхтың қулы Яқыптан, жер жүзине тарқалып кеткен
Қудайдың халқына сәлем!

### Сынаў ҳәм азғырыў

2 Туўысқанларым, түрли сынаўларға ушырағаныңызда оны
үлкен қуўаныш пенен қабыл етиңлер. 3 Себеби исенимиңиздиң сы-
налыўынан сабырлылық пайда
болатуғынын билесизлер. 4 Ҳеш
бир кемшиликсиз, жетилискен
ҳәм минсиз адамлар болыўыңыз
ушын толық сабырлылық етиңлер. 5 Егер араңыздағы бириңиз-
диң даналығы кем болса, ҳәммеге
сақыйлық пенен, айыпламай беретуғын Қудайдан сорасын. Қудай
оған береди. 6 Бирақ ҳеш гүман-
ланбастан, исеним менен сорасын.
Өйткени гүманланған адам самал
менен шайқатылып тынышсыз-
ланған теңиз толқынына уқсай-
ды. 7-8 Өзиниң пүткил жолларында
турақсыз болған, бундай еки ойлы

адам Ийемизден бир нәрсе аламан,
деп ойламасын.

### Төмен жасайтуғын туўысқан ҳәм бай туўысқан

9 Төмен жасайтуғын туўысқан
Қудайдың өзине берген мәрте-
беси менен мақтансын. 10 Ал бай
туўысқан өз пәслиги менен мақ-
тансын. Себеби бай адам даладағы
гүл сыяқлы солып қалады. 11 Қуяш
шығып, жәзийрама ыссысы менен
шөпти қуўратып таслайды. Оның
гүли төгилип, көркиниң гөззаллы-
ғы жоғалады. Бай адам да усылай
өз ислери менен солып жоқ болады.

### Сынаў бахыт алып келеди

12 Сынаўға шыдаған адам бахыт-
лы! Өйткени ол сынаўдан өткеннен
соң, Қудайдың Өзин сүйетуғынлар-
ға ўәде еткен өмир тажын алады.
13 Азғырылыўға түскенде ҳеш
ким: «Мен Қудай тәрепинен аз-
ғырылып атырман», – демесин.
Себеби Қудай жаманлық пенен
азғырыла алмайды ҳәм Оның Өзи
де ҳеш кимди азғырмайды. 14 Бирақ
ҳәр ким өзиниң жаман қәлеўлери-
не берилип, алданып азғырылады.
15 Кейин сол қәлеў ҳәмиледар бо-
лып, гүнаны туўады. Ал гүна же-
тилисип, өлимди туўады.
16 Сүйикли туўысқанларым, ал-
данбаңлар! 17 Ҳәр қандай жақсы
ҳәм минсиз сый жоқарыдан, нур-
лар Әкеси болған Қудайдан келеди.
Онда ҳеш қандай өзгерис ямаса өз-
гериўши көлеңке жоқ. 18 Оның жа-
ратқанларының арасында биринши
миўелери болыўымыз ушын, Ол Өз
қәлеўи бойынша бизлерди ҳақый-
қат сөзи менен өмирге еристирди.

### Тыңлаў ҳәм орынлаў

19 Сүйикли туўысқанларым, мы-
наны есте сақлаңлар: ҳәр бир адам
еситиўде шаққан, сөйлеўде ақырын,
ғәзеплениўде де ақырын болсын.
20 Өйткени адамның ғәзеби Қудай-
дың талап еткен ҳақлығын иске
асыра алмайды. 21 Сонлықтан ҳәр
қандай ипласлықты ҳәм тасып ба-
ратырған жаманлықты таслап, өз-
лериңизде егилген, жанларыңызды
қутқара алатуғын Қудайдың сөзин
кишипейиллик пенен қабыл етиңлер.
22 Сөзди тек тыңлаўшылар бо-
лып, өз-өзиңизди алдамаңлар, оны
орынлаўшылар болыңлар. 23 Егер
ким де ким сөзди тыңлап, оны
орынламаса, ол өз тәбийғый кел-
бетин айнада көрген адамға уқсай-
ды. 24 Себеби ол өзин көрип болып,
кетип қалады ҳәм қандай екенин
дәрҳал умытады. 25 Бирақ азатлық
бериўши минсиз нызамға анық-
лап қарайтуғын ҳәм ол бойынша
жасайтуғын адам умытшақ тың-
лаўшы болмай, оны ис жүзинде
қолланады. Бундай адам өз исле-
ри менен бахытлы болады.
26 Өзин диншил деп есаплап, ти-
лин тыймаған адам өзин өзи ал-
даған болады. Оның диншиллиги
бос. 27 Әкемиз Қудайдың алдында
пәк ҳәм қәтесиз диншиллик бул –
жетим-жесирлерге қыйын күнле-
ринде жәрдем етип, өзин дүньяның
напәкликлеринен сақлаў.

### Адамларды алаламаңлар

2 1 Туўысқанларым, уллы Ийе-
миз Ийса Масийхқа исеними
бар сизлер адамларды алаламаңлар.
2 Егер сизлердиң жыйналысыңызға

алтын жүзикли, сәнли кийимлер
кийген бир адам менен жупыны ки-
йим кийген бир жарлы адам келсе,
3 сизлер сәнли кийим кийген адам-
ға ҳүрмет көрсетип: «Сиз бул жерге,
жақсы жерге отырың», ал жарлы
адамға болса: «Сен ана жерде тур»
ямаса: «Аяқ бетимде отыр» десең-
лер, 4 араңызда алалық жасап, жа-
ман нийетли ҳүким шығарыўшылар
болып қалмайсызлар ма?

5 Қулақ салыңлар, сүйикли ту-
ўысқанларым: Қудай бул дүньяда
жарлы болғанларды исенимде бай
болыўы ҳәм Өзин сүйгенлерге ўә-
де еткен Патшалығының мийрас-
хорлары болыўы ушын таңламады
ма? 6 Бирақ сизлер жарлыны бий-
абырай қылдыңыз-ғо. Сизлерге
зулымлық жасап атырған байлар
емес пе? Сизлерди қазыханаларға
сүйреп апаратуғын да байлар емес
пе? 7 Сизлерге берилген қәдирли
атты мазақ қылыўшылар да олар
емес пе?

8 Мухаддес Жазыўдағы: «Өзиң-
ди сүйгениң сыяқлы, жанындағы
адамды да сүй»[a], – деген баслы
нызамды ҳақыйқаттан орынла-
саңлар, жақсы қыласызлар. 9 Би-
рақ адамларды алаласаңлар, гүна
ислеп атырған боласызлар ҳәм
Мухаддес Нызам алдында жына-
ятшы сыпатында жазаланасызлар.
10 Өйткени ким де ким Мухаддес
Нызамды толығы менен орынлап,
тек бир нәрседе айыплы болса, ол
пүткил Мухаддес Нызамға қарсы
гүнакар болады. 11 Себеби «Неке
ҳадаллығын бузба»[b], – деген Қудай,
«Адам өлтирме»[c], – де деген. Егер
сен неке ҳадаллығын бузбасаң да,
бирақ адам өлтирсең, Мухаддес
Нызамға қарсы жынаятшы бола-
саң. 12 Азатлық бериўши нызам
бойынша ҳүким етилетуғынлар
сыяқлы сөйлеңлер ҳәм ис тутың-
лар. 13 Өйткени ҳүким – реҳимсиз
адамға реҳимсиз. Ал реҳим ҳүким-
нен үстин.

### Исеним ҳәм ислер

14 Туўысқанларым, егер ким де
ким исеними барлығын айтып,
жақсы ислер қылмаса, не пайда-
сы бар? Бундай исеним оны қутқара
ала ма? 15 Егер бир туўысқанымыз
жалаңаш қалып, күнделик азы-
ғына зар болса, 16 араңыздағы би-
риңиз оларға: «Аман-есен барың,
жылының ҳәм тойың» десе, бирақ
денесине керекли затлар бермесе,
буннан не пайда? 17 Сол сыяқлы,
ислерсиз исеним де өз-өзинен өли.
18 Бирақ биреў: «Сениң исенимиң
бар, мениң ислерим бар. Маған ис-
лерсиз исенимиңди көрсет, ал мен
саған исенимимди ислерим арқа-
лы көрсетейин», – дейди. 19 Сен
Қудайдың жалғыз екенине исене-
сең бе? Жақсы қыласаң. Жинлер де
буған исенип, қалтырасады. 20 Ҳәй,
ақылсыз адам, ислерсиз исенимиң-
ниң пайдасыз екенин билиўди қә-
лейсең бе? 21 Бабамыз Ибрайым
улы Ысақты қурбанлық орынға

---

a **2:8** Леб 19:18.
b **2:11** Шығ 20:14; Нзм 5:18.
c **2:11** Шығ 20:13; Нзм 5:17.

бағышлап[a], ислери менен ақланба-
ды ма? 22 Көрип турғаныңдай, исе-
ними оның ислери менен ҳәрекет
етти. Исеними ислери менен кәмал
тапты. 23 Солай етип, «Ибрайым
Қудайға исенди ҳәм сол себептен
Қудай оны ҳақ деп санады»[b], – деп
жазылған Мухаддес Жазыў орын-
ланып, ол Қудайдың досты[c] деп
аталды. 24 Көрип турсызлар, адам
тек исеними менен емес, ислери
менен ақланады. 25 Сол сыяқлы,
жансызларды қабыл етип, оларды
басқа жолдан жиберген бузық ҳаял
Рахаб[d] та өз ислери менен ақланба-
ды ма? 26 Руўхсыз дене өли болғаны
сыяқлы, ислерсиз исеним де өли.

### Тилди тыйыў ҳаққында

**3** 1 Туўысқанларым, көплериңиз
муғаллим бола берменлер. Се-
беби бизлердиң, муғаллимлердиң
қатаң ҳүким қылынатуғынымызды
билесизлер. 2 Ҳәммемиз көп қәте
ислеймиз. Егер ким де ким сөйле-
генде қәте қылмаса, ол пүткил дене-
син бойсындыра алатуғын минсиз
адам болғаны.
3 Бизлерге бойсыныўы ушын, ат-
лардың аўызларына суўлық салып,
олардың пүткил денесин басқара
аламыз. 4 Кемелер де соншелли
үлкен болып, күшли самаллар ме-
нен жүрсе де, кемешиниң қәлеген
жерине жүдә кишкене руль менен
бурылады. 5 Сол сыяқлы, тил де де-
ниниң кишкене бир мүшеси болса
да, көп мақтанады. Кишкене бир
ушқын соншелли үлкен тоғайды
жандырып жибере алады. 6 Тил –
бул от, денемиздиң мүшелери ара-
сында бир жаманлық дүньясы. Ол
пүткил денемизди ипласлайды ҳәм
өмиримизди жандырады. Оның өзи
де дозақ отында жанады.
7 Ҳәр түрли ҳайўанлар, қуслар,
жер баўырлаўшылар ҳәм теңиз жа-
ныўарлары адам тәрепинен қолға
үйретилген ҳәм қолға үйретилмек-
те. 8 Бирақ тилди ҳеш бир адам бой-
сындыра алмайды. Ол тоқтатып
болмайтуғын жаманлық болып,
өлтириўши зәҳәрге толы.
9 Тилимиз бенен Жаратқан Ийе-
ни ҳәм Әкени алғыслаймыз. Сол
тилимиз бенен Қудайға уқсатып
жаратылған адамларды ғарғай-
мыз да. 10 Бир аўыздан ҳәм мақтаў,
ҳәм ғарғыс шығады. Туўысқан-
ларым, бундай болмаўы керек.
11 Бир булақтан ҳәм душшы, ҳәм
ашшы суў шыға ма? 12 Туўысқан-
ларым! Әнжир ағашы зәйтүн яма-
са жүзим ағашы әнжир бере ала
ма? Ашшы булақ та душшы суў
бере алмайды.

### Жоқарыдан түскен даналық

13 Араңызда дана ҳәм түсимпаз
адам ким? Бундай адам өз даналы-
ғын жақсы жүрис-турысы арқалы
көрсетип, кишипейиллик пенен
жақсы ислер ислеўи тийис. 14 Бирақ
егер жүрегиңизде ашшы күншил-
лик ҳәм менменлик бар болса, онда
мақтанбаңлар, ҳақыйқатқа қарсы

---

a **2:21** Жар 22:1-18.
b **2:23** Жар 15:6.
c **2:23** Ийш 41:8; 2Жлн 20:7.
d **2:25** Ешу 6:21-24.

жалған сөйлемеңлер. 15 Бундай
«даналық» жоқарыдан түспеген.
Бундай «даналық» дүньядан, адам
тәбиятынан, шайтаннан. 16 Өйт-
кени қай жерде күншиллик ҳәм
менменлик бар болса, сол жерде
тәртипсизлик ҳәм ҳәр түрли жа-
манлық болады.
17 Бирақ жоқарыдан түскен да-
налық бириншиден пәк, соңынан
татыў, мүләйим, бойсыныўшы,
мийрим-шәпәәтке ҳәм жақсы же-
мислерге толы. Ол әдалатсыз ҳәм
еки жүзли емес. 18 Тынышлық пе-
нен туқым сеўип, тынышлық ор-
натыўшылар ҳақлық жемисин
жыйнап алады.

### Дүнья менен дос болыўдан аўлақ болыңлар!

4 1 Араңыздағы урыс ҳәм жәң-
желлер қаяқтан келип шығады?
Денелериңиздиң мүшелеринде уры-
сып атырған қәлеўлериңизден емес
пе? 2 Бир нәрсени қәлейсизлер, би-
рақ ерисе алмайсызлар. Сонлықтан
адам өлтиресизлер. Күншиллик ете-
сизлер, бирақ қәлегениңизге ерисе
алмағанлықтан, жәнжеллесип уры-
сасызлар. Сизлер Қудайдан сорама-
ғаныңыз ушын, алмай атырсызлар.
3 Сорасаңыз да алмай атырсызлар.
Себеби жаман нийет пенен, өз нәп-
сиңизге пайдаланыў ушын сорап
атырсызлар.
4 Ҳәй, опасызлар! Дүнья менен
дос болыўдың Қудайға душпан-
лық екенин билмейсизлер ме?
Дүньяның досты болыўды қәле-
ген адам өзин Қудайға душпан қы-
лады. 5 Муқаддес Жазыўда: «Қудай
Өзи бизлерге берген жанды қызға-
ныш пенен жақсы көреди», – деп
босқа айтылған деп ойлайсызлар
ма? 6 Деген менен, Қудайдың биз-
лерге беретуғын мийрими және
де уллырақ. Сонлықтан Муқад-
дес Жазыўда:

«Қудай менменлерге қарсы
турады,
Бирақ кишипейиллилерге Өз
мийримин береди»[а], –

делинген.
7 Солай етип, Қудайға бойсының-
лар! Шайтанға қарсы турыңлар,
сонда ол сизлерден қашып кетеди.
8 Қудайға жақынласыңлар, сонда
Ол да сизлерге жақынласады. Ҳәй,
гүнакарлар, қолларыңызды гүна-
дан тазалаңлар! Ҳәй, еки ойлы-
лар, жүреклериңизди пәклеңлер!
9 Қайғырыңлар, аза тутып, жылаң-
лар! Күлкиңиз азаға, қуўанышыңыз
қайғыға айлансын. 10 Жаратқан
Ийениң алдында өзлериңизди пәс
тутыңлар, Ол сизлерди мәртебели
қылады.

### Бир-бириңизди жаманламаңлар!

11 Туўысқанларым, бир-бириңиз-
ди жаманламаңлар! Өз туўысқа-
нын жаманлайтуғын ямаса ҳүким
ететуғын адам Муқаддес Нызам-
ға қарсы сөйлеп, оны ҳүким еткен
болады. Егер сен Муқаддес Ны-
замды ҳүким етсең, онда Муқад-
дес Нызамды орынлаўшы емес, ал
оны ҳүким етиўши боласаң. 12 Ны-
зам шығарыўшы ҳәм ҳүким етиў-
ши – жалғыз Қудай. Тек ғана Ол
қутқарыўға ҳәм набыт қылыўға

---

а **4:6** Ҳкм 3:34.

қүдиретли. Ал туўысқаныңды ҳү-
ким ететуғындай, сен ким болып-
саң?

### Мақтаншақлық ҳаққында

13 Енди «Бүгин ямаса ертең пәлен
қалаға кетемиз, ол жерде бир жыл
қалып, саўда-сатық ислеп, пайда
көремиз», – дейтуғынлар, тыңлаң-
лар! 14 Сизлер ертең не болатуғы-
нын билмейсизлер. Өмириңиздиң
өзи не? Ол аз ўақыт көринип, ке-
йин жоқ болатуғын пуў. 15 Оның
орнына: «Егер Жаратқан Ийе қәле-
се, жасаймыз ҳәм мынаны я ананы
ислеймиз», – деп айтыўыңыз тийис.
16 Бирақ сизлер менменсип мақта-
насызлар. Ҳәр қандай мақтаншақ-
лық – жаўызлық. 17 Солай етип, ким
де ким жақсылық ислеўди билсе де,
оны ислемесе, гүна қылған болады.

### Байларға ескертиў

5 1 Тыңлаңлар енди, ҳәй байлар,
басыңызға түсетуғын бахытсыз-
лықлар себепли өкирип жылаңлар!
2 Байлығыңыз ширип, кийимлери-
ңизди күйе жеген. 3 Алтын ҳәм гү-
мислериңиз тат басқан. Олардың
таты сизлерге қарсы гүўалық берип,
денеңизди от сыяқлы жейди. Сизлер
бул ақырғы күнлерде де байлық үс-
тине байлық жыйнадыңлар.
4 Сизлер егинлериңизди орған
жумысшылардың ис ҳақысын жеп
қойдыңлар. Мине, сол орақшы-
лардың дады Әлемниң Жаратқан
Ийесиниң қулағына жетти. 5 Сиз-
лер жер жүзинде молшылықта
жасап, кәйпи-сапа еттиңлер. Ба-
ўызланатуғын күнде өзлериңизди
семирттиңлер. 6 Сизлер өзлериңиз-
ге қарсы турмаған ҳақ адамларды
ҳүким етип өлтирдиңлер.

### Сабырлы болыңлар!

7 Солай етип, туўысқанларым,
Ийемиз келгенше, сабырлы бо-
лыңлар! Әне, дийхан сабырлылық
етип, биринши ҳәм соңғы жаўын-
лар жаўғанша, жердиң қымбатлы
зүрәәтин күтип атыр. 8 Сизлер де
сабырлы болып, беккем турың-
лар! Өйткени Ийемиздиң келету-
ғын ўақты жақын. 9 Туўысқанлар,
ҳүким етилмеўиңиз ушын бир-
бириңизге қарсы наразылық бил-
дирмеңлер. Мине, ҳүким етиўши
Ийемиз қапы алдында тур.
10 Туўысқанлар, Жаратқан Ийе-
ниң атынан сөйлеген пайғам-
барлардың қыйыншылықларда
сабырлылық еткенинен өрнек
алыңлар. 11 Сабырлылық еткенлер-
ди бизлер бахытлы деп есаплаймыз.
Сизлер Аюптың сабырлылығы
ҳаққында еситтиңлер. Соңында
Жаратқан Ийениң ол ушын нелер
ислегенин де билесизлер[a]. Ийе-
миз жүдә мийрим-шәпәәтли ҳәм
реҳимли.
12 Ҳәй, туўысқанларым! Ең бас-
лысы, ант ишпеңлер. Я аспан менен,
я жер менен, я басқа нәрсе менен
ант ишпеңлер. Тек «аўа» ңыз аўа,
«яғ» ыңыз яқ болсын. Сонда ҳү-
ким етилмейсизлер.

### Исеним менен етилген дуўа

13 Араңызда азап шегип атырған
бар ма? Ол дуўа етсин. Руўхы кө-
териңки адам бар ма? Ол Қудайға

---

a **5:11** Аюп 1:21-22; 42:10-16.

алғыс-мақтаў қосығын айтсын.
**14** Араңызда аўырыў адам бар ма?
Ол исениўшилер жәмәәтиниң ақ-
сақалларын шақырсын. Олар Ийе-
миздиң аты менен оны май менен
сылап, ол ушын дуўа етсин. **15** Исе-
ним менен етилген дуўа аўырыўға
шыпа береди ҳәм Ийемиз оны аяқ-
қа турғызады. Егер ол гүна ислеген
болса, гүнасы кешириледи. **16** Со-
лай етип, шыпа табыўыңыз ушын,
бир-бириңиздиң алдыңызда гү-
наларыңызды мойынлаңлар ҳәм
бир-бириңиз ушын дуўа етиңлер.
Ҳақ адамның дуўасы жүдә күшли
тәсирге ийе.

**17** Илияс та бизлер сыяқлы бир
адам еди. Жаўын жаўмасын деп, ол
күшли дуўа еткенде, жерге үш жыл,
алты ай жаўын жаўмады. **18** Ол және
дуўа етти. Сонда аспаннан жаўын
жаўып, жер өним берди[a].

**19** Туўысқанларым! Араңызда бир
адам ҳақыйқат жолынан адасса, би-
риңиз оны ҳақыйқатқа қайтарса,
**20** билсин, бир гүнакарды надурыс
жолдан қайтарған адам бир жанды
өлимнен қутқарған ҳәм көп гүна-
ларды жуўған болады.

---

a **5:17-18** 3Пат 17:1; 18:41-45.

# Петрдиң биринши хаты

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Бул хатты елши Петр жазған. Петр бул хатты Анадолы (ҳәзирги Туркия) үлкелеринде қуўдаланып атырған исениўшилерди қоллап қуўатлаў ушын ҳәм оларды исенимде беккем турыўға жигерлендириў ушын жазады. Исеними себепли азап шеккен исениўши адам Ийемиз Масийхтан өрнек алып, қыйыншылықларға шыдамлы болыўы кереклигин айтып, нәсиятлайды.

Және де, Петр өз хатында Қудай мухаддес болғаны сыяқлы, исениўшилер де жағдай қаншелли қыйын болса да мухаддес өмир кешириўи ҳәм жаманлыққа жақсылық пенен жуўап қайтарыўы кереклигин айтады. Ҳүкиметке ҳәм басшыларға бойсыныў кереклигин жазады.

---

### Сәлемнама

1 1 Ийса Масийхтың елшиси Петр-
ден, Понтус, Галатия, Каппадо-
кия, Азия ҳәм Битиния үлкелерине
тарқалып кеткен, сол үлкелерде жат
жерли болып жасап атырған, Қудай
тәрепинен таңлап алынғанларға сә-
лем! 2 Ийса Масийхқа бойсынып,
Оның қаны үстилериңизге себилип
тазаланыўыңыз ушын, Қудай Әке
сизлерди әзелден-ақ таңлап алды
ҳәм Мухаддес Руўх сизлерди мухад-
дес қылды. Сизлерге мийрим ҳәм
тынышлық мол-мол етип берилсин!

### Жоғалмайтуғын үмит

3 Ийемиз Ийса Масийхтың Әке-
си – Қудайға алғыслар болсын!
Себеби Ол Өзиниң шексиз мий-
рим-шәпәәти менен бизлерди жа-
ңадан туўылдырды. Сонлықтан
Ийса Масийхтың өлимнен тири-
лиўи арқалы бизлерге сөнбейтуғын
үмит берди. 4 Ол бизлерди шири-
мейтуғын, пәк ҳәм ескирмейтуғын
бир мийрасқа еристирди. Усы мий-
рас сизлер ушын аспанда сақлаўлы
тур. 5 Заманның ақырында аян бо-
лыўға таяр турған қутқарылыўға
ерисиўиңиз ушын, сизлер исени-
миңиз арқалы Қудайдың қудире-
ти менен қорғалмақтасыз. 6 Усы
себепли қуўанып, шадланыңлар.
Ҳәзир қысқа бир ўақыт ҳәр түрли
сынаўларға ушырағаныңызда азап
шегиўге туўра келсе де, 7 бул исе-
ниминиңиздиң таза болыўы ушын

пайдалы. Ҳәтте, жоқ болып кете-
туғын алтын да отта тапланып, сы-
налады. Ал сизлердиң исенимиңиз
алтыннан қымбатлырақ. Сыналған
исенимиңиз, Ийса Масийх келген-
де сизлерди мақтаў, даңқ ҳәм ҳүр-
метке сазыўар қылады. 8 Сизлер
Масийхты көрмеген болсаңыз да,
Оны сүйесизлер. Ҳәзир Оны көре
алмасаңыз да, Оған исенип, сөз
бенен айтып жеткизиўге қыйын
болған бир әжайып ҳәм уллы қу-
ўаныш пенен шадланбақтасызлар.
9 Себеби исенимиңиздиң нәтийже-
сине, яғный жанларыңыздың қут-
қарылыўына ерисесизлер.

10 Сизлерге берилетуғын мийрим
ҳаққында пайғамбаршылық етип
айтқан пайғамбарлар бул қутқа-
рылыў туўралы муқыятлап излe-
нип изертледи. 11 Олардың ишинде
болған Масийхтың Руўхы Масийх-
тың шегетуғын азаплары ҳәм сол
азаплардан соң келетуғын уллы-
лық ҳаққында алдын ала билдир-
генде, олар булардың қай ўақытта
ҳәм қалай болатуғынын изертледи.
12 Олардың изертлеп айтқанлары-
ның өзлериниң заманында емес, ал
сизлердиң заманыңызда болатуғы-
нын Қудай оларға ашық билдир-
ди. Буларды, яғный Хош Хабарды
аспаннан жиберилген Мухаддес
Руўхтың қүдирети менен жәрия-
лаўшылар сизлерге ҳәзир жәриялa-
ды. Ҳәтте, периштелер де буларды
билиўди қатты қәлейди.

### Мухаддес болыңлар!

13 Солай етип, ақыл-ойыңыз-
ды ис-ҳәрекетке таярлап, сергек
болыңлар. Ийса Масийх келгенде
сизлерге берилетуғын мийримнен
толық үмит етиңлер. 14 Тил алғыш
балалар сыяқлы болып, Қудайды
билмеген өткен өмириңиздеги жа-
ман қәлеўлериңиз бойынша жаса-
маңлар. 15 Керисинше, сизлерди
шақырған Қудай мухаддес болға-
ны сыяқлы, сизлер де ҳәр бир ис-
ҳәрекетиңизде мухаддес болыңлар.
16 Өйткени былай деп жазылған:
«Мухаддес болың, өйткени Мен
мухаддеспен».[a]

17 Ҳеш кимниң бет-жүзине қа-
рамай, ҳәр бир адамды ислерине
қарай ҳүким ететуғын Қудайды
«Әке» деп шақыратуғын болсаңыз,
жат жерли болып жасайтуғын бул
дүньядағы өмириңизде Қудайдан
қорқып жасаңлар. 18 Хабарыңыз
бар, ата-бабаларыңыздан қалған
пайдасыз өмир тәризинен гүмис
ямаса алтын сыяқлы өткинши нәр-
селер менен сатып алынбадыңлар.
19 Ал Қудайдың минсиз ҳәм кемши-
ликсиз Қозысы болған Масийхтың
бийбаҳа қаны менен сатып алынып
қутқарылдыңлар. 20 Қудай дүнья-
ны жаратпастан бурын усы мақсет
пенен Масийхты таңлап алып, Оны
бул ақырғы күнлерде сизлер ушын
жиберди. 21 Оны өлимнен тирил-
тип, даңққа еристирген Қудайға
Ол арқалы исенесиз. Сол себепли
исенимиңиз ҳәм үмитиңиз Қудай-
ға қаратылған.

22 Ҳақыйқатқа бойсыныў ар-
қалы өз жанларыңызды гүнадан
тазалағанлықтан, туўысқанлары-
ңызды туўысқанлық сүйиспенши-
лик пенен сүйесизлер. Солай етип,

---

[a] **1:16** Леб 11:44-45; 19:2; 20:7.

бир-бириңизди шын жүректен сү-
йиңлер. 23 Сизлер өлетуғын нәсил
арқалы емес, ал өлмейтуғын нәсил
арқалы, яғный Қудайдың тири ҳәм
мәңгилик сөзи арқалы жаңадан ту-
ўылдыңыз. 24 Өйткени:

«Пүткил адамзат шөпке,
Оның пүткил сән-салтанаты да
даладағы гүлге уқсайды,
Шөп қуўрап қалар, гүллер
төгилер.
25 Бирақ, Ийемиздиң сөзи мәңги
сақланар».[a]

Усы сөз – сизлерге жәрияланған
Хош Хабар.

### Тири тас ҳәм Қудайдың халқы

**2** 1 Сонлықтан ҳәр қандай жаман-
лықты, ҳәр қыйлы өтирикти ҳәм
еки жүзлиликти, күншилликти ҳәм
ҳәр қандай өсекти қойыңлар! 2 Жаңа
туўылған нәрестелердиң ана сүти-
не қуштар болғанындай, сизлер де
руўхый таза сүт болған Қудайдың
сөзине қуштар болыңлар. Сонда
азық алып өсип, қутқарыласызлар.
3 Себеби сизлер Ийемиздиң жақсы-
лығын татып көрдиңлер.
4 Адамлар керексиз деп таслаған,
бирақ Қудай тәрепинен таңлан-
ған биййбаҳа тири тасқа – Ийемиз
Ийсаға келиңлер. 5 Сизлер де тири
таслар сыяқлысызлар. Сонлық-
тан Қудай сизлерди руўхый Иба-
датхана салыўда қолланып, Ийса
Масийх арқалы Өзине унайту-
ғын руўхый қурбанлық бериўи-
ңиз ушын, мухаддес руўханийлер
қылып атыр. 6 Өйткени Мухаддес
Жазыўда былай делинген:
«Мине, Мен Өзим таңлаған бий-
баҳа бир тасты, мүйешке қойы-
латуғын тийкарғы тасты Сионда
орнатаман. Оған исенген адам ҳеш
қашан уятқа қалмайды».[b]
7 Исенетуғын сизлер ушын бул тас
қымбатлы. Ал исенбейтуғынлар
ушын Ол:

«Қурылысшылардың керексиз
деп таслаған тасы,
Үйдиң мүйешиниң тийкарғы
тасы болды».[c]

8 Және де,

«Сүрниктиретуғын тас,
қулататуғын жартас
болды».[d]

Исенбейтуғынлар Қудайдың сө-
зин тыңламағаны ушын сүрнигеди.
Бул олардың тәғдирине жазылған.
9 Бирақ сизлер Қудай тәрепи-
нен таңланған адамлар, Патшаның
руўханийлери, мухаддес миллет
ҳәм Қудайға тийисли халықсыз.
Сизлер өзлериңизди қараңғылық-
тан Өзиниң әжайып нурына ша-
қырған Қудайдың таң қаларлық
ислерин жәриялаў ушын таңлан-
дыңлар. 10 Бир ўақытлары Қудай-
дың халқы емес едиңлер. Бирақ
енди Қудайдың халқысыз. Бир ўа-
қытлары Қудайдың мийрим-шә-
пәәтин билмеген едиңлер, енди
болса, Оның мийрим-шәпәәтин
алдыңлар.
11 Сүйикли туўысқанларым, бул
дүньяда жат жерли ҳәм қонақ

---

a **1:24-25** Ийш 40:6-8.
b **2:6** Ийш 28:16.
c **2:7** Заб 117:22.
d **2:8** Ийш 8:14.

болған сизлерге жалбарынаман,
жаныңызға ҳәр қашан қарсы тура-
туғын дениниң жаман қәлеўлери-
нен қашыңлар. 12 Исенбейтуғынлар
арасында ҳадал өмир сүриңлер.
Олар сизлерди жаманлық ислеўши-
лер, деп айыпласа да, жақсы исле-
риңизди көрип, Қудай келетуғын
күни Оны алғыслайды.

### Басшыларға бойсыныңлар!

13 Ийемиз ушын, адамлар ор-
натқан ҳәр қандай ҳәкимшиликке
бойсыныңлар. Жоқары бийликке
ийе патшаға ҳәм 14 жаманлық ис-
леўшилерди жазалаў, жақсылық
ислеўшилерди хошаметлеў ушын
патша тәрепинен жиберилген ҳә-
кимлерге бойсыныңлар. 15 Себеби
Қудай сизлердиң жақсы ислери-
ңиз арқалы ақылсыз адамлардың
өсек сөзлериниң тоқтаўын қәлейди.
16 Ал сизлер азат адамларсыз. Би-
рақ азатлығыңызды жаманлық ис-
леў ушын пайдаланбай, Қудайдың
қуллары болып жасаңлар. 17 Ҳәм-
ме адамларға ҳүрмет көрсетиңлер.
Исениўши туўысқанларыңызды
сүйиңлер. Қудайдан қорқыңлар,
патшаны сыйлаңлар.

### Қулларға нәсият

18 Ҳәй қуллар, хожайынларыңыз-
ға бойсыныңлар! Олардың тек жақ-
сы ҳәм мийримлилерин ғана емес,
ал қаталларын да толық ҳүрмет
етип, бойсыныңлар. 19 Егер ким де
ким наҳақ азап шеккенде Қудай-
ды ойлап, азапларға шыдаса, бул
Қудайға унайды. 20 Егер гүна ис-
легениңиз ушын таяқ жегениңизде
шыдасаңыз, бул сизлерге абырай
әперер ме екен? Бирақ, жақсылық
ислей тура азап шеккениңизде
шыдасаңыз, бул Қудайға унайды.
21 Өйткени Қудай сизлерди усы
ушын шақырды. Масийхтың Өзи
сизлер ушын азап шегип, Оның
изинен жүриўиңиз ушын өрнек
көрсетти.

22 «Ол гүна ислемеди, аўзынан
жалған сөз де шықпады».[a] 23 Хор-
ланғанда, ҳеш кимге қарсы шығып,
кеўлине тиймеди. Ол азап шеккен-
де де ҳеш кимди қорқытпады, ал
Өзин әдиллик пенен ҳүким етиў-
ши Қудайдың қолына тапсырды.
24 Бизлердиң гүна ушын өлип, ҳақ
болып жасаўымыз ушын, Ол гүна-
ларымызды атанақ ағашта Өз дене-
сине жүкледи. Оның жарақатлары
арқалы шыпа таптыңыз. 25 Бурын
адасқан қойлар сыяқлы едиңиз,
енди болса, жанларыңыздың Шо-
панына ҳәм Бағыўшысына қайтып
келдиңлер.

### Ерли-зайыплыларға ақыл-нәсиятлар

3 1-2 Ҳәй ҳаяллар, Масийх Қудай-
ға бойсынғандай, сизлер де кү-
йеўлериңизге бойсыныңлар. Сонда
олардың гейбиреўлери Қудайдың
сөзине қулақ аспаса да, сизлердиң
Қудайдан қорқып, пәк өмир сүрип
атырғаныңызды көрип, сөзлериңиз
арқалы емес, ал сиз, ҳаяллардың
үлгили өмириңиз арқалы қол-
ға киргизилип, исениўши болады.
3 Сулыўлығыңыз тек сыртқы бе-
зениўлерден: әшекейленген шаш-
лар, тағылған алтынлар ҳәм сәнли

---

[a] **2:22** Ийш 53:9.

кийимлерден ғана ибарат болмасын.
4 Ал сулыўлығыңыз сырлы болған
ишки дүньяңыздан, яғный жумсақ
ҳәм тыныш болған жоғалмайтуғын
руўхый гөззаллықтан ибарат бол-
сын. Бул Қудай алдында жүдә қым-
батлы. 5 Өтмиште Қудайдан үмит
еткен мухаддес ҳаяллар да өз күйеў-
лерине бойсынып, усылай безенген.
6 Солардың бири Сара да өз күйе-
ўи Ибрайымды «хожайыным» деп
атап[a], оған бойсынды. Егер сизлер
де жақсылық ислеп, ҳеш қандай қор-
қынышқа берилмесеңиз, Сараның
қызлары боласызлар.

7 Ҳәй күйеўлер, сол сыяқлы сиз-
лер де ҳаялларыңызды жақсы
түсинип жасаңлар. Олардың нә-
зик екенин ҳәм мәңгилик өмир-
ди сизлер менен бирге мийрас
етип алатуғынын билип, оларды
ҳүрмет етиңлер. Солай етсеңиз,
дуўа еткениңизде тосқынлық
болмайды.

### Ҳақыйқатлық ушын азап шегиў

8 Жуўмақластырып айтқанда,
ҳәммеңиз бир нийет пенен бир-
лесиңлер. Басқалардың қуўаныш
ҳәм қайғысын бөлисиңлер. Бир-
бириңизди туўысқанларша сүйиң-
лер. Қайырқом ҳәм кишипейил
болыңлар. 9 Жаманлыққа жаман-
лық, ғарғысқа ғарғыс пенен жуўап
қайтармаңлар. Керисинше, жақ-
сылық пенен жуўап қайтарыңлар.
Себеби сизлер Қудайдың жарыл-
қаўын мийрас етип алыў ушын ша-
қырылғансызлар.

10 «Ким де ким өмирден
заўықланып,
Жақсы күнлер келиўин қәлесе,
Тилин жаман сөзден, аўзын
өтирик сөз айтыўдан
тыйсын.
11 Жаманлықтан қашып,
жақсылық ислесин.
Тынышлыққа умтылып, соған
күш салсын.
12 Өйткени Жаратқан Ийениң көзи
ҳақ адамларда,
Қулағын түрер олардың
жалбарыныўларына.
Бирақ Жаратқан Ийе
жаманлық қылатуғынларға
қарсы шығар».[b]

13 Жақсылық ислеўге инталы бол-
саңыз, ким сизлерге жаманлық ис-
лейди? 14 Ҳақ ислериңиз ушын азап
шегип атырған болсаңыз, сизлер
бахытлысызлар! Адамлардың қор-
қытқанынан қорқпаңлар ҳәм қәўе-
терленбеңлер. 15 Масийхты «Ийе-
миз» деп, жүрегиңизде айрықша
қәстерлеңлер. Сизлердеги үмит ҳақ-
қында сораған ҳәр бир адамға жуўап
бериўге ҳәмме ўақыт таяр болыңлар.
16 Деген менен, буны мүләйимлилик
пенен, ҳүрмет көрсетип ислеңлер.
Масийхқа тийисли болған сизлер-
диң жақсы жүрис-турысыңызды
жаманлап мазақ ететуғынлар уя-
лып қалыўы ушын, ҳүжданыңызды
таза тутыңлар. 17 Жақсылық етип
азап шегиў Қудайдың қәлеўи болса,
бул жаманлық ислеп азап шегиўден
жақсырақ.

18 Масийхтың Өзи де ҳақ бола
тура, наҳақлар ушын азап шекти.

---

a **3:6** Жар 18:12.
b **3:10-12** Заб 33:13-17.

Ол бизлерди Қудайға алып келиў
ушын, гүналарымыз ушын бир мәр-
тебе қурбан болды. Денеси өлти-
рилсе де, Ол руўхта тирилди. 19 Ол,
ҳәтте, қамақта болған руўхларға
да барып, Өз жеңисин жәриялады.
20 Әййемги ўақытлары Нухтың за-
манында кеме соғылғанда, Қудай
адамлардың тәўбе етиўин сабыр-
лылық пенен күтсе де, олар Оған
бойсынбаған еди. Сол кемеге аз ға-
на адам, яғный сегиз адам минип,
суўдан қутқарылды[a]. 21 Бул – Ийса
Масийхтың қайта тирилиўи арқа-
лы ҳәзир сизлерди қутқаратуғын
суўға шомылдырылыўдың тымса-
лы. Суўға шомылдырылыў денени
кирден тазалаў емес, ал Қудайдан
пәк ҳүждан сораў дегенди билди-
реди. 22 Масийх аспанға көтерилип,
Қудайдың оң жағында отыр[b]. Оған
периштелер, аспандағы бийлеўши-
лер ҳәм күш ийелери бойсынды.

### Қудай ушын жасаў

4 1 Солай етип, Масийх* денеси
менен азап шекти. Сизлер де
Масийхта болған ойлар менен өз-
лериңизди азап шегиўге таярлаңлар.
Себеби денеси азап шегип атырған
адам гүна ислеўди тоқтатады. 2 Бун-
нан былай, дүньядағы өмириңиздиң
қалған бөлегинде адамның жаман
қәлеўлери бойынша емес, ал Қудай-
дың ерки бойынша жасаңлар. 3 Өткен
өмириңизде исенбейтуғын адамларға
жағатуғын әдетлерди ислеп жасаға-
ныңыз жетер! Сол ўақытлары сизлер
бузықшылыққа, жаман қәлеўлерге,
мәскүнемликке, айшы-әширетке,
нәпсиқаўлыққа ҳәм жеркенишли
бутпаразлыққа берилип, өмир сүрген
единлер. 4 Енди болса, исенбейтуғын-
лар сизлердиң олар менен бирликте
усындай нәпсиқумарлықта қатнас-
пағаныңыз себепли ҳайран болып,
сизлерди мазақ етип атыр. 5 Бирақ
олар бунның ушын тирилер менен
өлилерди ҳүким етиўге таяр турған
Қудай алдында жуўап береди. 6 Сол
себепли, өлилердиң денеси басқалар
қатары өлип жазаланса да, руўхы
Қудай сыяқлы жасаўы ушын, Хош
Хабар өлилерге де жәрияланды.

7 Ҳәмме нәрсениң ақыры жақын.
Сонлықтан дуўа етиў ушын ақыл
менен ис тутып, сергек болыңлар!
8 Ең баслысы, бир-бириңизди шын
жүректен сүйиңлер. Өйткени сүйис-
пеншилик көп гүналарды жуўады.
9 Наразылық билдирмей, бир-бири-
ңизге миймандос болыңлар. 10 Ҳәр
бириңиз жақсы хызметши сыпатын-
да Қудайдың сизлерге мийримли-
лик пенен берген ҳәр түрли руўхый
сыйларын қоллана отырып, бир-би-
риңизге хызмет етиңлер. 11 Адамлар
алдында сөйлеген адам Қудайдың
сөзине сай сөйлесин. Басқаларға
хызмет ететуғын адам Қудайдың
берген күши менен хызмет етсин.
Усылайынша, Ийса Масийх арқа-
лы Қудай ҳәр бир исте алғыслансын.
Уллылық ҳәм қүдирет мәңги-бақый
Масийхтики. Аўмийин.

### Масийхый болып азап шегиў

12 Сүйикли туўысқанларым, сиз-
лерди сынаў ушын келетуғын аўыр
азапты таң қаларлық нәрсе деп,

---

[a] **3:20** Жар 6–8.
[b] **3:22** Заб 109:1.

ҳайран болмаңлар. 13 Керисинше,
Масийхтың азапларына шерик бол-
ғаныңызға қуўаныңлар. Солай етип,
Масийх салтанат пенен келгенде, қу-
ўанып шадланасызлар. 14 Масийх-
тың аты ушын масқараланып
атырған болсаңыз, сизлер бахыт-
лысызлар! Себеби Қудайдың уллы
Руўхы үстиңизде болады*. 15 Және
ҳеш бириңиз адам өлтириўши, уры,
жаманлық ислеўши ямаса басқалар-
дың жумысына араласып, кесент
беретуғын болып, азап шекпесин.
16 Бирақ сизлер масийхый[a] болға-
ныңыз ушын азап шегип атырған
болсаңыз, уялмаңлар. Ал бул ат пе-
нен аталатуғыныңыз ушын Қудай-
ды алғысланлар. 17 Өйткени ҳүким
шығарылатуғын ўақыт жетип келди.
Ҳүким шығарыўды Қудай Өз шаңа-
рағынан баслайды. Егер бул Қудай-
дың шаңарағы болған бизлерден
басланса, Қудайдың Хош Хабары-
на қулақ аспайтуғынлардың ақыры
қандай болады?

18 «Егер әдил адам зорға
қутқарылса,
Қудайсыз ҳәм гүнакар адамға
не болады?»[b]

19 Сонлықтан Қудайдың ерки ме-
нен азап шеккенлер жанларын исе-
нимли Жаратқанға тапсырсын ҳәм
жақсылық ислеўин даўам етсин.

### Жәмәәт ақсақаллары ҳәм жаслары

**5** 1 Араңыздағы жәмәәт ақсақал-
ларына олардай жәмәәт ақсақа-
лы болған мен, Масийхтың шеккен
азапларының гүўасы ҳәм Ол қайтып
келгенде ашық көринетуғын салта-
натының шериклеси сыпатында мы-
наларды өтиниш етемен: 2 Қудайдың
сизлерге тапсырған сүриўин мәжбү-
рий түрде емес, ал шын кеўилден,
Қудайдың еркине сай қылып ба-
ғыңлар. Буны ақша ушын пайдакү-
немлик пенен емес, ал өз қәлеўиңиз
бенен ислеңлер. 3 Өзлериңизге тап-
сырылған адамларға үстемлик етпей,
сүриўге үлги болыңлар. 4 Солай ет-
сеңиз, бас Шопан келгенде, сөнбей-
туғын уллылық тажын аласызлар.

5 Ҳәй жаслар, сол сыяқлы сизлер
де ақсақалларға бойсыныңлар. Ҳәм-
меңиз бир-бириңиз бенен киши-
пейил қатнаста болыңлар. Себеби:

«Қудай менменлерге қарсы
турады,
Бирақ кишипейиллилерге Өз
мийримин береди».[c]

6 Сонлықтан өзлериңизди Қудай-
дың қудиретли қолы астында пәс
тутыңлар. Сонда белгиленген ўа-
қыт келгенде, Ол сизлерди мәр-
тебели етеди. 7 Барлық ғам-тәши-
ўишлериңизди Оған тапсырыңлар.
Өйткени Ол сизлерге ғамхорлық
қылады.

8 Сақ ҳәм сергек болыңлар. Душ-
паныңыз шайтан кимди жутсам
екен деп, ақырған арыслandай бо-
лып гезип жүр. 9 Исенимде беккем
болып, шайтанға қарсы турың-
лар. Себеби дүньяның басқа жер-
лериндеги туўысқанларыңыздың

---

[a] **4:16** *Масийхый* – грекше «христиан». Яғный, Ийса Масийхты Қутқарыўшым ҳәм Ийем деп қабыл еткен исениўши адам.
[b] **4:18** Ҳкм 11:31.
[c] **5:5** Ҳкм 3:34.

бирдей азап шегип атырғанынан
хабарыңыз бар. 10 Пүткил мийрим-
ниң тийкары болған Қудай сизлер-
ди Ийса Масийх арқалы Өзиниң
мәңгилик салтанатына шақырды.
Қысқа өмириңизде азап шегип
атырған болсаңыз да, Ол сизлер-
ди жетилистиреди, беккемлейди,
күш-қуўат береди ҳәм тыянақлы
қылады. 11 Қүдирет мәңги-бақый
Оныки болсын! Аўмийин.

**Соңғы сәлемнама**

12 Мен сизлерге усы қысқаша ха-
тымды өзим исенимли туўысқаным
деп есаплайтуғын Силаға[a] жазды-
рып атырман. Сизлерди жигерлен-
дирип, бул хатта айтқанларымның
Қудайдың ҳақыйқый мийрими еке-
ни ҳаққында гүўалық беремен. Усы
мийрим менен беккем турыңлар.
13 Сизлер менен бирге таңлан-
ған Бабилондағы[b] исениўшилер
жәмәәти ҳәм тутынған улым Марк
сизлерге сәлем айтып атыр. 14 Бир-
бириңизди сүйиспеншилик пенен
сүйип, сәлемлесиңлер.

Масийхқа тийисли болған сиз-
лердиң ҳәммеңизге тынышлық яр
болсын!

---

a **5:12** *Сила* – грекше текстте бул аттың басқа варианты Силванус.
b **5:13** *Бабилон* – Рим нәзерде тутылған.

# Петрдиң екинши хаты

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Бул хатты елши Петр жазған. Екинши хатында ол жалған устазлар себепли жәмәәтте пайда болған ишки келиспеўшиликлер ҳәм тәртипсизликлер туўрысында сөз етеди. Бул хат жазылған дәўирде исениўшилер жәмәәти арасына жалған устазлар кирип алып, масийхыйларды жолдан азғырып атырған еди. Петр өз хатында оқыўшыларға сондай устазлардан узақласыўды ескертип, сол өтирикшилердиң сөзсиз жаза алатуғынын айтып өтеди.

Жалған устазлар Масийхтың келиўине исенбей, Оннан бас тартқанлықтан, ақыретте олардың жазаланатуғынын айтады. Петр Ийемиздиң келетуғын күни ҳаққындағы теманы жарытады. Соның менен бирге, ол Ийемиздиң келиўин күтип атырған адамларды жигерлендиреди. Оларды таза ҳәм минсиз өмир кешириўге, Қудайға садық қалыўға ҳәм исенимде өсип барыўға шақырады.

---

### Сәлемнама

1 [1] Ийса Масийхтың қулы ҳәм ел-
шиси Шимон Петрден, Қудайы-
мыз ҳәм Қутқарыўшымыз Ийса
Масийхтың ҳақлығы арқалы биз-
лер алған қымбатлы исенимге тең
исенимди сыйға алғанларға сәлем!
[2] Қудайды ҳәм Ийемиз Ийсаны ҳа-
қыйқаттан билип барыўыңыз арқа-
лы сизлерге мийрим ҳәм тынышлық
мол-мол етип берилсин!

### Шақырылыў ҳәм таңлап алыныў

[3] Қудайлық қүдиретке ийе Ийса
Масийх Өзин билиўимиз арқалы
жасаўымыз ҳәм Қудайдың жолы
менен жүриўимиз ушын бизлерге
керекли болған ҳәмме нәрсени бер-
ди. Ол бизлерди Өз уллылығын ҳәм
ийгилигин алыўымыз ушын ша-
қырды. [4] Қудай Өз уллылығы ҳәм
ийгилиги арқалы бизлерге жүдә
үлкен ҳәм қымбатлы ўәделер берди.
Солай етип, бул ўәделер себепли
сизлер дүньядағы жаман қәлеўлер-
ден қутылып, қудайлық тәбиятқа
шерик боласызлар. [5] Сонлықтан
сизлер бар күшиңизди сарп етип,
исенимиңизге жақсылықты, жақ-
сылыққа билимди, [6] билимге нәп-
сини тыйыўды, нәпсини тыйыўға
сабырлылықты, сабырлылыққа

Қудайға бағышланыўды, [7] Қудай-
ға бағышланыўға туўысқанлық
сүйиспеншиликти, туўысқанлық
сүйиспеншиликке сүйиспенши-
ликти қосып арттырыңлар. [8] Егер
бул жақсы қәсийетлер сизлерде бар
болып, артып атырған болса, онда
Ийемиз Ийса Масийхты билиўде
табыссыз ҳәм жемиссиз болмай-
сыз. [9] Бул жақсы қәсийетлерге ийе
болмаған адам узақты көре алмай-
туғын соқыр адам болғаны. Ол бу-
рынғы гүналарынан тазаланғанын
умытқан адам демек.

[10] Сонлықтан ҳәй туўысқанла-
рым, Қудайдың сизлерди шақыр-
ғаны ҳәм таңлап алғаны ҳақыйқат
екенин көрсетиў ушын, еле де күш-
ғайрат салыңлар. Усылай ислe-
сеңиз, ҳеш қашан сүрникпейсиз.
[11] Солай етип, Ийемиз ҳәм Қутқа-
рыўшымыз Ийса Масийхтың мәң-
гилик Патшалығына кириў жолы
сизлерге кең ашылады.

### Мухаддес Жазыўларға дыққат аўдарыңлар!

[12] Сол себептен сизлер буларды
билип, өзиңиздеги ҳақыйқатты
беккем тутсаңлар да, мен усылар-
ды сизлерге ҳәмме ўақыт еслетип
турыўға таярман. [13] Бул денеде жа-
саған ўақтымда ядыңызда болған
нәрселерди еслетип турыўды ду-
рыс деп таптым. [14] Өйткени Ийемиз
Ийса Масийхтың маған билдириўи
бойынша, бул денеден айырыла-
туғын ўақтымның жақын екенин
билемен. [15] Мен бул дүньядан кет-
кенимнен соң да буларды ҳәмме
ўақыт еслеп тура алыўыңыз ушын,
жан-тәним менен тырысаман.

[16] Бизлер[a] Ийемиз Ийса Масийх-
тың қүдиретин ҳәм қайта кели-
ўин сизлерге мәлим еткенимизде,
ядтан ойлап табылған аңызларға
тийкарланбадық. Ал Оның уллы-
лығын өз көзлеримиз бенен көрген
едик. [17] Себеби қүдиретли ҳәм уллы
Қудайдан Ийсаға: «Бул – Мениң сү-
йикли Улым, Мен Оған ырзаман», –
деген саза еситилгенде, Ол Қудай
Әкеден даңқ ҳәм салтанат алды.
[18] Оның менен бирге мухаддес таў-
да болғанымызда, аспаннан кел-
ген усы сазаны бизлер де еситтик.

[19] Және бизлерде еле де исеним-
лирек болған пайғамбарлардың
сөзлери бар. Таң атып, таң жулды-
зы жарқырағандай, жүреклериңиз
толық түсиник алатуғын күнге де-
йин қараңғы жерде нурын шашқан
шыраға уқсаған пайғамбарлардың
сөзлерине дыққат аўдарсаңыз, жақ-
сы қыласызлар. [20] Алды менен мы-
наны билип қойыңлар: Мухаддес
Жазыўда болған ҳеш бир пайғам-
баршылық сөзин ҳеш кимге өз бе-
тинше түсиндириўге болмайды.
[21] Өйткени ҳеш бир пайғамбаршы-
лық сөзи адамның қәлеўи менен
айтылған емес. Ал Мухаддес Руўх[b]
тәрепинен басқарылған адамлар
Қудайдың сөзлерин айтқан.

### Жалған устазлар ҳаққында

**2** [1] Бирақ, бурын Израил халқы
арасында жалған пайғамбар-
лардың болғаны сыяқлы, сизлер-
диң араңызда да жалған устазлар

---

a **1:16** *Бизлер* – Петр, Юхан, Яқып (Мат 17:1-5; Мрк 9:2-7; Лук 9:28-35.)
b **1:21** *Мухаддес Руўх* – Қудайдың Руўхы.

болады. Олар араңызға жасырын
түрде азғын тәлиматлар киргизип,
ҳәтте, өзлерин Өз қанын төлеп са-
тып алған Ийесин де тән алмайды.
Солай етип, бундайлардың ис-ҳә-
рекети оларды тез арада набыт бо-
лыўға алып келеди. **2** Көп адамлар
олардың бузықлығына ереди. Олар
себепли ҳақыйқат жолына тил ти-
йеди. **3** Олар нәпсиқаўлығы себепли
өзлери ойлап тапқан жалған сөзлер-
ди айтып, сизлерден пайдаланады.
Олардың ҳүкими әўелден-ақ таяр
турған болып, олар көп кешикпей
набыт етиледи.

**4** Себеби Қудай гүна ислеген пе-
риштелерди де аямаған. Оларды
ҳүким етилетуғын күнге дейин
сақлансын деп, тас түнек дозаққа
ылақтырып, қараңғылыққа қамап
қойыпты. **5** Қудай қудайсызлардың
дүньясына топан суўын жибер-
генде, әййемги дүньяны да аяма-
ды. Бирақ, ҳақыйқатлық жаршысы
болған Нухты ҳәм оннан басқа же-
ти адамды аман сақлап қалды[a].
**6** Содом ҳәм Гомора қалаларын да
ҳүким етип, күлге айландырды[b].
Бул арқалы келешекте қудайсыз-
лардың басына түсетуғынларды
мысал етип көрсетти. **7** Ал ар-на-
мыссыз адамлардың бузықлығы-
нан азап шеккен ҳақ адам Лутты
Қудай қутқарды[c]. **8** Олардың ара-
сында жасаған бул ҳақ адамның
пәк кеўли олардың наҳақ ислерин
көрип ҳәм еситип турып, күн са-
йын қыйналатуғын еди. **9** Солай
етип, Жаратқан Ийе Өз жолы менен
жүретуғын адамларды қыйыншы-
лықлардан қалай қутқарыўды ҳәм
наҳақ адамларды ҳүким шығары-
латуғын қыямет-қайым күнине
дейин қалай сақлап, жазалаўды
биледи. **10** Әсиресе өзиниң гүнакар
тәбиятының бузық қәлеўлерине бе-
рилип, Қудайдың бийлигин мен-
синбейтуғын наҳақ адамлардың
тәғдири усылай болады.

Сол сыяқлы, уятсыз ҳәм өжет
адамлар болған жалған устазлар
уллылыққа ийе болғанларға тил
тийгизиўден қорқпайды. **11** Пе-
риштелердиң күш ҳәм қүдирети
жалған устазлардан анағурлым
уллырақ болса да, периштелер
Жаратқан Ийе алдында оларды
масқаралап айыпламайды. **12** Би-
рақ бул жалған устазлар өзлери
түсинбейтуғын затларға тил тий-
гизеди. Услап алынып набыт қы-
лыныў ушын туўылған санасыз ҳәм
тәбийғый сезим бойынша жасай-
туғын ҳайўанлардай болған олар
сол ҳайўанлар сыяқлы набыт бо-
лады. **13** Олар ислеген жаман исле-
рине ылайық жаза алады. Булар
күндиз айшы-әширетке берилиў-
ди өмирдиң мазмуны деп биледи.
Сизлердиң жүзиңизди қара қы-
лып, дақ түсиретуғын бул адам-
лар сизлер менен бирге зыяпатта
отырғанда, өз өтиригинен рәҳәт-
ленеди. **14** Олардың көзлери бу-
зықшылыққа толған болып, олар
үзликсиз гүна ислейди. Исеними
ҳәлсиз адамларды жолдан азғы-
ратуғын бул адамлар – нәпсиқаў

---

a **2:5** Жар 6:1–7:24.
b **2:6** Жар 18:16–19:28.
c **2:7** Жар 19:1-16.

ҳәм ғарғыс урған адамлар. 15 Туўры
жолды таслап адасқан олар наҳақ
жол менен пайда көриўди жақсы
көрген Беор улы Биламның жолын
тутты. 16 Бирақ ол ислеген гүнасы
ушын әшкара етилген еди: тилсиз
ешек тилге кирди, ол адамдай бо-
лып сөйлеп, пайғамбардың ақыл-
сыз исине тосқынлық жасаған еди[a].

17 Бул адамлар суўсыз булақлар,
даўыл айдаған думан. Олар ушын
тас түнек қараңғылық таяр тур.
18 Өйткени олар надурыс жол ме-
нен жүретуғын адамлардан әлле
қашан қутылғанларды бос ҳәм лап
сөзлер менен алдап, гүнакар тәби-
яттың бузық қәлеўлерине баслай-
ды. 19 Өзлери азғынлықтың қулы
бола тура, оларға азатлықты ўәде
етеди. Себеби адам неден жеңил-
се, соның қулы болады. 20 Адам-
лар Ийемиз ҳәм Қутқарыўшымыз
Ийса Масийхты билип, дүньяның
напәкликлеринен қутылғаннан соң,
және сол нәрселердиң дузағына түсип,
олардан жеңилсе, онда кейин-
ги аўҳалы бурынғыдан да жаман
болады. 21 Өйткени ҳақыйқатлық
жолын билгеннен соң, берилген
мухаддес буйрықтан жүз бурған-
нан гөре, бул жолды ҳеш билмеген
олар ушын жақсырақ болар еди.
22 Олардың өмиринде ушырасату-
ғын бундай аўҳалға мына нақыл
сөзлер туўры келеди:

«Ийт өз қусығына қайтады,
Шошқа жуўындырылғаннан
соң,
Барып батпаққа аўнайды»[b].

## Ийемиздиң қайтып келетуғын күни

**3** 1-2 Сүйикли туўысқанларым, бул
мениң сизлерге жазып атырған
екинши хатым. Мен еки хатымда да
мухаддес пайғамбарлардың алдын
ала айтқан сөзлери ҳәм Қутқарыў-
шы Ийемиздиң елшилери арқалы
берген буйрығын еске түсириўиңиз
ушын сизлерде пәк ой-пикирлерди
оятыўға ҳәрекет еттим. 3 Ең алды
менен мынаны билип қойыңлар:
дүньяның ақырғы күнлеринде өз
жаман қәлеўлерине еретуғын ма-
зақ етиўшилер пайда болады. Олар
сизлерди мазақ қылып: 4 «Ийеңиз-
диң қайтып келемен деген ўәдеси
қәне? Ата-бабаларымыз дүньядан
өткеннен бери, ҳәмме нәрсе қалай
жаратылған болса, еле солай ту-
рыпты-ғо», – дейди. 5 Себеби олар
Қудайдың сөзи менен аспанның жүдә
әййемги ўақытларда бар болғанын
ҳәм жердиң суў арқалы суўдан жа-
ратылғанын жортаға билмегендей
болады. 6 Сол ески дүнья да усы то-
пан суўынан набыт болған еди. 7 Ал
ҳәзирги аспан ҳәм жер болса, отта
жаныў ушын Қудайдың сол сөзи
менен сақланып, қудайсыз адамлар-
дың ҳүким етилип набыт болатуғын
күнине шекем қорғалып турыпты.

8 Сүйикли туўысқанларым, тек
мынаны естен шығармаңлар:
Жаратқан Ийениң нәзеринде бир
күн мың жылдай, мың жыл бир
күндей. 9 Айырымлар кешикти
деп есаплағандай, Ийемиз ўәдесин
орынлаўды кешиктирип атырған

---

[a] **2:15-16** Сан 22:4-35.
[b] **2:22** Ҳкм 26:11.

жоқ. Керисинше, Ол ҳеш кимниң
набыт болыўын қәлемей, ҳәр бир
адам тәўбе етсин деп, сизлер ушын
сабырлылық пенен күтип турыпты.
10 Деген менен, Ийемиздиң күни
уры сыяқлы күтилмегенде келе-
ди. Сол күни аспан уллы гүрсилди
менен жоқ болады, аспан денеле-
ри жанып кетеди, жер ҳәм жер бе-
тиндеги ҳәр бир нәрсе жанып күлге
айланады*. 11 Ҳәмме нәрсе усы тә-
ризде жоқ болып кететуғын болса,
сизлер қандай адамлар болыўыңыз
зәрүр? Сизлер мухаддес болып жа-
сап, Қудайдың жолы менен жүри-
ўиңиз керек. 12 Қудайдың күниниң
келиўин сағына күтип, оның ке-
лиўин тезлетиўиңиз лазым. Өйт-
кени сол күни аспан жанып жоқ
болады, аспан денелери де күш-
ли ыссыдан ерип кетеди. 13 Бирақ
бизлер Қудайдың ўәдеси бойынша
ҳақлық орнаған жаңа аспан менен
жаңа жерди күтемиз.

14 Сонлықтан сүйикли туўыс-
қанларым, усыларды күтип жүр-
ген екенсиз, Қудайдың алдында
кемшиликсиз ҳәм минсиз болыў-
ға бар күшиңиз бенен ҳәрекет етип,
тыныш жасаңлар. 15 Сүйикли ту-
ўысқанымыз Павелдиң де өзине
берилген даналығы менен сизлерге
жазғанындай, Ийемиздиң сабыр-
лылығын қутқарылыў пурсаты деп
есаплаңлар. 16 Павел барлық хат-
ларында усы ҳаққында сөз ете-
ди. Оның хатларында түсиниўге
қыйын болған базы бир жерлер
бар. Надан ҳәм тыянақсыз адам-
лар басқа Мухаддес Жазыўларды
бурмалағаны сыяқлы, буларды да
бурмалайды. Усы ис-ҳәрекетле-
ри оларды набыт болыўға алып
келеди.

17 Солай етип, сүйикли туўысқан-
ларым, буларды алдын ала билип
қойыңлар, ар-намыссыз адамларға
ерип, өзлериңиздиң беккем негизи-
ңизди жойтып қоймаўыңыз ушын
сақ болыңлар. 18 Ийемиз ҳәм Қут-
қарыўшымыз Ийса Масийхтың
мийримине бөленип, Оны билиў-
де өсип барыңлар. Ҳәзир ҳәм мәң-
гиге Оған даңқ болсын! Аўмийин.

# Юханның биринши хаты

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Бул хатты елши Юхан I әсирдиң ақырында жазған. Хат жазылған ўақытта жалған тәлиматлар кең тарқалған болып, олар исениўши жәмәәтлерге үлкен қәўип туўғызатуғын еди. Себеби бундай тәлиматларды тарқатыўшы жалған муғаллимлер Ийса Масийх адам болып жасамады, деп үйрететуғын еди.

Юхан өз хатында бул пикирге қарсы шығып, Ийса Масийхтың адам болып жасағанын тастыйықлайды ҳәм исениўшилер Масийх арқалы Қудай менен қарым-қатнаста болып, өз ара бир-бирин сүйиўи керbegin кереклиги ҳаққында айтады. Және де, Ийса Масийхқа исенген ҳәр бир адамның мәңгилик өмирге ийе екенлиги ҳаққында гүўалық береди.

---

### Өмир Сөзи

1 [1] Ең бастан бар болған өмир
Сөзи[a] ҳаққында: Оны есит-
кенимизди, өз көзлеримиз бенен
көргенимизди ҳәм анықлап көрип,
Оған қолларымызды тийгизгени-
мизди сизлерге жәриялап атырмыз.
[2] Өмир ашық көринди, бизлер Оны
көрдик ҳәм Ол туўралы гүўалық
берип атырмыз. Әке[b] менен бир-
ге болып, бизлерге көринген мәң-
гилик Өмирди сизлерге жәриялап
атырмыз. [3] Сизлер де бизлер менен
қарым-қатнаста болыўыңыз ушын,
көргенимизди ҳәм еситкенимизди
сизлерге жәриялап атырмыз. Биз-
лердиң қарым-қатнасымыз болса,
Әке ҳәм Оның Улы Ийса Масийх
пенен болады. [4] Буларды сизлерге
қуўанышымыз толы болыўы ушын
жазып атырмыз.

### Қудай – нур

[5] Ийса Масийхтан еситип, сизлер-
ге жәриялап атырған хабарымыз
бул: Қудай – нур, Онда ҳеш қандай
қараңғылық жоқ. [6] Егер Оның менен
қарым-қатнастамыз деп, қараңғы-
лықта жүрген болсақ, жалған сөй-
леп, ҳақыйқат бойынша жасамаған

---

[a] **1:1** Юхн 1:1-14.
[b] **1:2** *Әке* – Қудай.

боламыз. [7] Бирақ Қудайдың Өзи
нурда болғаны сыяқлы, бизлер де
нурда жүрсек, бир-биримиз бенен
қарым-қатнаста боламыз ҳәм Оның
Улы Ийсаның қаны бизлерди ҳәр
қандай гүнадан тазалайды.
[8] Гүнамыз жоқ десек, өз-өзимиз-
ди алдаған боламыз ҳәм бизлер-
де ҳақыйқатлық болмайды. [9] Егер
гүналарымызды мойынласақ, са-
дық ҳәм ҳақ Қудай гүналарымыз-
ды кеширип, бизлерди ҳәр қандай
жаманлықтан тазалайды. [10] Егер
гүна ислемедик десек, Қудайды
өтирикши қылып қоямыз ҳәм биз-
лерде Оның сөзи болмайды.

### Ийса – бизлердиң Жақлаўшымыз

2 [1] Балаларым! Мен буларды сиз-
лерге гүна ислемеўиңиз ушын
жазып атырман. Бирақ егер биримиз
гүна ислеп қойсақ, Әкениң алдын-
да Жақлаўшымыз, ҳақ болған Ийса
Масийх бар. [2] Ол бизлердиң гүнала-
рымыздың кеширилиўи ушын құр-
бан болды. Ол тек бизлердиң емес,
ал пүткил дүньяның гүналары ушын
бағышланған құрбанлық болды.
[3] Егер Қудайдың буйрықларын
орынласақ, Оны билетуғыны-
мызды усы арқалы билип аламыз.
[4] «Оны билемен» деп, Оның буй-
рықларын орынламаған адам өти-
рикши, онда ҳақыйқатлық жоқ.
[5] Бирақ Қудайға деген сүйиспен-
шилик Оның сөзин орынлаған
адамда ҳақыйқаттан кәмал таба-
ды. Қудайда екенимизди усы ар-
қалы билип аламыз. [6] «Қудайда
жасайман» деген адам Ийса сыяқ-
лы жасаўы шәрт.

### Жаңа буйрық

[7] Сүйикли туўысқанларым, сиз-
лерге жаңа буйрықты емес, әзелден
өзлериңиз қабыл еткен ески буй-
рықты жазып атырман. Бул ески
буйрық – сизлер еситкен Қудай-
дың сөзи. [8] Бирақ сизлерге және
жаңа буйрық та жазып атырман.
Бунның ҳақыйқат екени Масийх
ҳәм сизлер арқалы көринип атыр.
Себеби қараңғылық өтип баратыр,
ал ҳақыйқый нур әлле қашан жар-
қырап тур.
[9] «Нурдаман» деп, туўысқанын
жек көретуғын адам еле қараң-
ғылықта болады. [10] Туўысқанын
сүйген адам нурда жасайды ҳәм
онда сүрнигиўге себеп болмай-
ды. [11] Бирақ, туўысқанын жек кө-
риўши қараңғылықта болады. Ол
қараңғылықта жүрип, қаяққа ба-
ратырғанын билмейди. Өйткени
қараңғылық оның көзлерин со-
қыр еткен.

[12] Балаларым, сизлерге жазып
атырман,
Себеби Ийсаның аты арқалы
гүналарыңыз кеширилди.
[13] Әкелер, сизлерге жазып атырман,
Өйткени сизлер ең бастан бар
Болғанды билесизлер.
Жаслар, сизлерге жазып
атырман,
Себеби сизлер шайтанды
жеңдиңлер.
Балаларым, сизлерге жаздым,
Өйткени сизлер Әкени
билесизлер.
[14] Әкелер, сизлерге жаздым,
Себеби сизлер ең бастан бар
Болғанды билесизлер.

Жаслар, сизлерге жаздым,
Өйткени сизлер күшлисиз ҳәм
сизлерде Қудайдың сөзи
болып,
Сизлер шайтанның үстинен
жеңиске еристиңлер.

15 Дүньяны ҳәм дүньядағы нәр-
селерди сүймеңлер. Ким де ким
дүньяны сүйсе, онда Әкеге деген
сүйиспеншилик жоқ. 16 Себеби
дүньяда болған ҳәр бир нәрсе: де-
ненең қәлеўлери, көздиң қәлеў-
лери ҳәм өмирдеги менменлик
Әкеден емес, дүньядан. 17 Дүнья
ҳәм оның қәлеўлери өтип кетеди,
бирақ Қудайдың еркин орынла-
ған адам мәңги жасайды.

### Масийхқа қарсы турыўшы

18 Балаларым, бул соңғы ўақыт.
Масийхқа қарсы турыўшының ке-
летуғынын еситкениңиздей, әлле
қашан Масийхқа көп қарсы турыў-
шылар пайда болды. Соңғы ўақыт
болғанын усыннан билемиз. 19 Олар
арамыздан шықты, бирақ бизлер-
ге тийисли емес еди. Егер бизлерге
тийисли болғанда, бизлер менен
бирге қалар еди. Олардың кетке-
ни арқалы олардың ҳеш бириниң
бизлерге тийисли емес екени мә-
лим болды.

20 Ал сизлер мухаддес болған
Масийхтан Мухаддес Руўхты ал-
ғанлықтан, ҳәммеңиз ҳақыйқат-
ты билесизлер. 21 Мен сизлерге
ҳақыйқатты билмегениңиз ушын
емес, ал ҳақыйқатты ҳәм ҳеш қан-
дай жалғанның ҳақыйқаттан емес
екенин билгениңиз себепли жазып
атырман.

22 Ийсаның Масийх екенин тән
алмаған адам өтирикши болмаса,
онда ким өтирикши? Әкени ҳәм Ул-
ды тән алмаған адам – Масийхқа
қарсы турыўшы. 23 Улды тән алма-
ған адамда Әке де жоқ. Ал Улды тән
алған адамда Әке де бар.

24 Әўел бастан еситкен сөзиңизди
өзлериңизде сақлаңлар. Егер әўел
бастан еситкен сөзиңиз сизлерде
болса, сизлер де Ул ҳәм Әке менен
бирге боласызлар. 25 Масийхтың
Өзи бизлерге ўәде еткен мәңгилик
өмир – усы.

26 Буларды сизлерди азғырмақ-
шы болып атырғанлар ҳаққында
жазып атырман. 27 Бирақ сиз-
лер Масийхтың Мухаддес Руў-
хына ийесиз. Сизлерде Мухаддес
Руўх болғанлықтан, сизлерге ҳеш
кимниң үйретиўиниң ҳәжети жоқ.
Масийхтың Мухаддес Руўхы сиз-
лерге ҳәммесин үйретеди. Оның
тәлими ҳақыйқый, жалған емес.
Оның сизлерге үйреткени сыяқлы,
Масийх пенен жасаңлар.

### Қудайдың балалары

28 Аўа, балаларым, енди Масийх
пенен қарым-қатнаста болып, Ол
келгенде, Оның алдында уятқа қал-
маўымыз ушын мәрт болайық.

29 Қудайдың ҳақ екенин билсеңиз,
ҳақ ис қылған ҳәр бир адамның да
Оннан туўылғанын билиң.

# 3

1 Қараңлар, Қудайдың балала-
ры деп аталыўымыз ушын, Әке
бизлерди қандай уллы сүйиспен-
шилик пенен сүйди! Ҳақыйқаттан
да, бизлер Қудайдың балаларымыз.
Дүнья Әкени билмегенликтен, биз-
лерди де билмей атыр. 2 Сүйикли
туўысқанларым, бизлер енди Қудай-
дың балаларымыз. Бирақ қандай

болатуғынымыз еле бизлерге көрсе-
тилмеди. Масийх келгенде, Ол сы-
яқлы болатуғынымызды билемиз.
Өйткени Оны ҳақыйқаттан қандай
болса, сондай көремиз. 3 Масийхтан
усылай үмит еткен ҳәр бир адам Ол
пәк болғаны сыяқлы, өзин пәклейди.
4 Гүна ислеген ҳәр бир адам ны-
замсызлық ислеген болады. Себеби
гүнаның өзи – нызамсызлық. 5 Ал
Масийхтың гүналарымызды алып
таслаў ушын келгенин билесиз-
лер. Оның Өзинде гүна жоқ. 6 Онда
жасайтуғын адам гүна ислемейди.
Гүна ислеўди даўам етип атырған
адам Оны көрмеген де, билмеген де.
7 Перзентлерим! Ҳеш кимге өз-
лериңизди алдатпаңлар. Масийх-
тың ҳақ болғаны сыяқлы, ҳақ ис
ислеген адам да ҳақ. 8 Гүна ислей
беретуғын адам шайтаннан. Өйт-
кени шайтан бастан баслап гүна
ислеп киятыр. Сонлықтан Қудай-
дың Улы шайтанның ислерин жоқ
қылыў ушын келди. 9 Қудайдан
туўылған ҳәр бир адам гүна исле-
мейди, себеби Қудайдың тұқымы
онда болады. Ол Қудайдан туўыл-
ғанлықтан, гүна ислеўди даўам ете
алмайды. 10 Қудайдың балалары
менен шайтанның балаларын мы-
надан айырыўға болады: ҳақ ис ис-
лемеген ҳәм туўысқанын сүймеген
адам Қудайдан емес.

**Бир-биримизди сүйейик!**

11 Сизлер әзелден еситкен ха-
бар бул: бир-биримизди сүйейик!
12 Шайтанға тийисли болып, өз ту-
ўысқанын өлтирген Каинға уқса-
майық. Ол не ушын туўысқанын
өлтирди? Өйткени өзиниң ислери
жаўыз, ал туўысқанының ислери
ҳақ еди[a].
13 Туўысқанларым, дүнья сиз-
лерди жек көрип атырған бол-
са, ҳайран қалмаңлар. 14 Бизлер
өзлеримиздиң өлимнен өмирге
өткенимизди билемиз, себеби ту-
ўысқанларымызды сүйемиз. Ким
де ким туўысқанын сүймесе, ол өли
болып қала береди. 15 Туўысқанын
жек көрген ҳәр бир адам – адам өл-
тириўши. Адам өлтириўши ҳеш бир
адамның мәңгилик өмирге ийе емес
екенин билесизлер.
16 Сүйиспеншиликтиң не екенин
Масийхтың бизлер ушын Өз жа-
нын бергенинен билемиз. Сонлық-
тан бизлер де туўысқанларымыз
ушын өз жанымызды бериўимиз
шәрт. 17 Ким де ким дүнья-малға
бай бола тура, туўысқанының жоқ-
шылықта жасап атырғанын көрсе
де тас баўырлық етсе, қалайынша
ондай адамда Қудайдың сүйиспен-
шилиги болады?
18 Перзентлерим, тек сөз ямаса
тил менен емес, ал ис ҳәм ҳақый-
қатлық пенен сүйейик. 19-20 Ҳақый-
қатқа тийисли екенимизди усы
арқалы билемиз. Егер жүрегимиз
бизлерди айыплап атырған бол-
са да, Қудай алдында жүрегимиз
тыныш болады. Өйткени Қудай
жүрегимизден уллы ҳәм Ол ҳәм-
ме нәрсени биледи.
21 Сүйикли туўысқанларым,
егер жүрегимиз бизлерди айып-
ламаса, онда Қудайдың алдында
батыр боламыз 22 ҳәм Оннан не
сорасақ та аламыз. Себеби бизлер

---

a **3:12** Жар 4:3-8.

Онының буйрықларын орынлап, Оған
унайтуғын нәрселерди ислеп атыр-
мыз. 23 Онының буйрығы бул: Улы
Ийса Масийхтың атына исенип,
Онының бизлерге буйырғанындай,
бир-биримизди сүйиуўимиз тийис.
24 Қудайдың буйрықларын орын-
лаған адам Қудайда, Қудай да он-
да болады. Онының бизлерде екенин
Онының бизлерге берген Руўхы арқа-
лы билемиз.

## Руўхларды сынаңлар!

4 1 Сүйикли туўысқанларым, ҳәр
қандай руўхқа исене бермең-
лер. Бирақ руўхлардың Қудайдан
болғанын ямаса болмағанын би-
лиў ушын, оларды сынап көриңлер.
Өйткени дүньяда көп жалған пай-
ғамбарлар пайда болды. 2 Қудайдың
Руўхын мынадан билесизлер: Ийса
Масийхтың адам денесинде келге-
нин тән алған ҳәр қандай руўх Қудай-
дан. 3 Ийсаны тән алмаған ҳәр бир
руўх Қудайдан емес. Бул – Масийхқа
қарсы турыўшының руўхы. Сизлер
оның келетуғынын еситкен единлер.
Мине, ол әлле қашан дүньяда.

4 Перзентлерим, сизлер Қудай-
дансызлар ҳәм жалған пайғам-
барларды жеңдиңлер. Себеби
сизлердеги Мухаддес Руўх дүнья-
дағы руўхтан уллы. 5 Жалған пай-
ғамбарлар дүньядан. Сол себепли,
олар дүньяға тийисли сөзлерди
сөйлейди ҳәм дүнья оларды тың-
лайды. 6 Ал бизлер Қудайданбыз.
Ким де ким Қудайды билсе, биз-
лерди тыңлайды. Ал ким де ким
Қудайдан болмаса, бизлерди тың-
ламайды. Ҳақыйқат Руўхы менен
жалған руўхты усыннан айырып
аламыз.

## Қудай – сүйиспеншилик

7 Сүйикли туўысқанларым, бир-
биримизди сүйейик! Өйткени сү-
йиспеншилик Қудайдан. Ҳәр бир
сүйиуўши адам Қудайдан туўылған
ҳәм Қудайды биледи. 8 Сүймей-
туғын адам Қудайды билмейди.
Себеби Қудай – сүйиспеншилик.
9 Қудай бизлерге деген сүйиспен-
шилигин былай көрсетти: Қудай
Өзиниң жалғыз Улын дүньяға жи-
берип, бизлерге Ол арқалы өмир
берди. 10 Мине, сүйиспеншилик –
усы: бизлер Қудайды емес, ал
Қудай бизлерди сүйип, Өз Улын
бизлердиң гүналарымыздың ке-
ширилиўи ушын қурбанлық қы-
лып жиберди.

11 Сүйикли туўысқанларым!
Қудай бизлерди усылай сүйген
болса, бизлер де бир-биримизди
сүйиуўге парызлымыз. 12 Ҳеш ким
ҳеш қашан Қудайды көрген емес.
Бирақ егер бир-биримизди сүй-
сек, Қудай бизлерде болады ҳәм
Онының сүйиспеншилиги бизлерде
кәмал табады.

13 Бизлердиң Онда, Онының бизлер-
де екенин, Онының бизлерге берген
Руўхы арқалы билемиз. 14 Әке Өз
Улын дүньяның Қутқарыўшысы
қылып жибергенин бизлер көрдик
ҳәм бул туўралы гүўалық беремиз.
15 Ким де ким Ийсаны Қудайдың
Улы деп тән алса, Қудай онда, ол да
Қудайда болады. 16 Бизлер Қудай-
дың бизлерге деген сүйиспенши-
лигин билемиз ҳәм оған исенемиз.

Қудай – сүйиспеншилик. Ким
де ким сүйиспеншилик пенен жа-
саса, ол Қудайда, Қудай да он-
да болады. 17 Солай етип, ҳүким

шығарылатуғын қыямет-қайым
күнинде мәрт болыўымыз ушын,
Қудайдың сүйиспеншилиги биз-
лерде кәмал табады. Өйткени биз-
лер бул дүньяда Масийх сыяқлы
боламыз. 18 Сүйиспеншиликте қор-
қыў жоқ. Керисинше, минсиз сү-
йиспеншилик қорқыўды қуўып
шығарады. Себеби қорқыў жаза
менен байланыслы болады. Қор-
қатуғын адам сүйиспеншиликте
минсизликке ериспеген.
19 Бизлер бир-биримизди сүйемиз*,
өйткени дәслеп Қудай бизлерди сүй-
ди. 20 Егер ким де ким: «Қудайды сү-
йемен» деп, туўысқанын жек көрсе,
ол өтирикши. Себеби көзге көрине-
туғын туўысқанын сүймеген адам
көзге көринбейтуғын Қудайды қа-
лай сүйе алады? 21 «Қудайды сүйету-
ғын адам өз туўысқанын да сүйиўи
тийис», – деген буйрықты бизлер
Масийхтан алғанбыз.

### Дүньяны жеңетуғын исенимимиз

5 1 Ийсаның Масийх екенине исе-
нетуғын хәр бир адам Қудай-
дан туўылған. Әкени сүйген хәр бир
адам Оның балаларын да сүйеди.
2 Қудайды сүйип, Оның буйрық-
ларын орынлағанымыздан Қудай-
дың балаларын сүйетуғынымызды
билемиз. 3 Өйткени Қудайдың буй-
рықларын орынлағанымыз Оны сү-
йетуғынымызды аңлатады. Оның
буйрықлары аўыр емес. 4 Себеби
Қудайдан туўылған хәр бир адам
дүньяны жеңеди. Дүнья үстинен
жеңиске ерискен бизлердиң исени-
мимиз болады. 5 Ийсаның Қудайдың
Улы екенине исенетуғын адамнан
басқа, ким дүньяны жеңе алады?

### Қудайдың Улы хаққында гүўалық

6 Бул – суў хәм қан менен келген[a]
Ийса Масийх. Ол тек суў менен емес,
ал суў хәм қан менен келди. Және де,
гүўалық бериўши Мухаддес Руўх.
Өйткени Мухаддес Руўх – ҳақыйқат.
7 Гүўалық беретуғынлар үшеў: 8 Му-
хаддес Руўх, суў хәм қан*. Булардың
үшеўиниң гүўалығы бир. 9 Бизлер
адамның гүўалығын қабыл етемиз,
ал Қудайдың гүўалығы оннан да ул-
лы. Себеби бул – Қудайдың Өз Улы
туўралы берген гүўалығы. 10 Қудай-
дың Улына исенетуғын адамның
өзинде усы гүўалық бар. Ал Қудайға
исенбейтуғын адам Қудайды өти-
рикши қылған болады. Өйткени
Қудайдың Өз Улы туўралы бер-
ген гүўалығына исенбейди. 11 Сол
гүўалық мынаў: Қудай бизлерге
мәңгилик өмир берди хәм бул өмир
Оның Улында. 12 Қудайдың Улына
ийе болған адам өмирге ийе бола-
ды, Қудайдың Улына ийе болмаған
адам өмирге ийе емес.

### Мәңги өмир

13 Мен буларды Қудайдың Улына
исенген сизлерге мәңгилик өмирге
ийе екениңизди билиўиңиз ушын
жазып атырман. 14 Бизлерде Оған де-
ген мынадай батыллық бар: Қудай-
дың еркине сай не сорасақ та, Ол
бизлерди еситеди. 15 Егер не сорасақ
та, Оның еситетуғынын билетуғын

---

a **5:6** *Суў хәм қан менен келген* – шомылдырылыў рәсиминен өтип, адамлар-
дың қутқарылыўы ушын атанақ ағашта қан төккен.

болсақ, Оннан сорағанларымызды
алатуғынымызды да билемиз.
16 Егер ким де ким туўысқанының
өлимге апармайтуғын гүна ислеге-
нин көрсе, дуўа етсин. Қудай оған
өмир береди. Буны өлимге апар-
майтуғын гүна ислегенлер ҳақ-
қында айтып атырман. Өлимге
апаратуғын гүна да бар. Бул ушын
дуўа етсин, деп атырғаным жоқ.
17 Ҳәр қандай жаманлық – гүна,
бирақ өлимге апармайтуғын гү-
на да бар.
18 Қудайдан туўылған адам гү-
на ислеўди даўам етпейтуғынын
билемиз. Себеби Қудайдан туўыл-
ған адам өзин өзи сақлайды ҳәм
шайтан оған қол тийгизе алмайды.
19 Өзлеримиздиң Қудайға тийис-
ли екенимизди ҳәм пүткил дүнья
шайтанның қол астында екенин би-
лемиз.
20 Ҳәм де, Қудайдың Улы
келип, ҳақыйқый Қудайды били-
ўимиз ушын ақыл-ой бергенин де
билемиз. Бизлер ҳақыйқый Қудай-
да, яғный Оның Улы Ийса Масийх-
тамыз. Ол – ҳақыйқый Қудай ҳәм
мәңгилик өмир.
21 Перзентлерим, өзлериңизди
бутлардан сақлаңлар!

# Юханның екинши хаты

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Бул хатты елшы Юхан I әсирдиң ақырында бир исениўши жәмәәтке ямаса бир исениўши ҳаялдың хожалығына жазған.

Бул хатта да исениўшилердиң бир-бирин сүйиўи кереклиги ҳаққында ҳәм жалған тәлиматлар туўрысында қайта айтылады.

---

### Сәлемнама

1 [1] Мен, ақсақалдан, Қудай тәре-
пинен таңланған ханымға ҳәм
оның балаларына сәлем! Мен сиз-
лерди шын жүректен сүйемен. Тек
мен емес, ал ҳақыйқатты билген-
лердиң ҳәммеси де сизлерди сүйеди.
[2] Себеби бизлерде ҳақыйқат бар ҳәм
ол бизлер менен мәңги бирге болады.
[3] Әкемиз Қудайдан ҳәм Әке-
ниң Улы Ийса Масийхтан келген
мийрим, реҳим ҳәм тынышлық,
бизлерде ҳақыйқатлық ҳәм сүйис-
пеншилик арқалы бирге болсын.

### Ҳақыйқат ҳәм сүйиспеншилик

[4] Сениң балаларыңның арасын-
дағы гейбиреўлериниң Әкемизден
алған буйрық бойынша ҳақыйқат
жолы менен жүргенин билип, қат-
ты қуўандым. [5] Енди сеннен өтине-
мен, қымбатлы ханым, ҳәммемиз
бир-биримизди сүйейик. Мен са-
ған жаңа буйрықты емес, бизлер
әўел бастан қабыл еткен буйрық-
ты жазып атырман. [6] Сүйиспенши-
лик – бул Қудайдың буйрықлары
бойынша жасаў. Әўел бастан есит-
кениңиз сыяқлы, Оның буйрығы –
сүйиспеншилик пенен жасаўдан
ибарат.
[7] Дүнья жүзинде Ийса Масийх-
тың адам денесинде келгенин тән
алмайтуғын көплеген алдаўшылар
пайда болды. Бундай адам – алдаў-
шы ҳәм Масийхқа қарсы турыў-
шы. [8] Мийнетимиздиң жемисин
жойтпай, ылайықлы сыйлық алы-
ўыңыз ушын өзлериңизге сақ бо-
лыңлар. [9] Масийхтың тәлиматы
менен жасамай, шектен шығып кет-
кен адамда Қудай жоқ. Оның тәли-
маты менен жасайтуғын адамда
ҳәм Әке, ҳәм Ул бар. [10] Егер ким де
ким сизлерге келип, бул тәлиматты
әкелмесе, оны үйлериңизге қабыл
алмаңлар, оған сәлем де берменлер.
[11] Өйткени оған сәлем берген адам

оның жаман ислерине шерик болған болады.
12 Сизлерге жазатуғын көп нәрселерим бар, бирақ оларды қағаз бетине сыя менен жазыўды қәлемеймен. Қуўанышымыз толы болыўы ушын жаныңызға барып, жүзбе-жүз сөйлесемен деген үмиттемен.
13 Қудай таңлаған сиңлиңниң балалары саған сәлем айтып атыр.

# Юханның үшинши хаты

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Елши Юхан бул үшинши хатын да I әсирдиң ақырында Гаюс деген адамға жазған. Юхан Гаюсқа ел аралап жүрген Қудайдың хызметшилерин қабыл алып, оларға сүйиспеншилик пенен жәрдем бериў кереклиги ҳаққында айтады. Юхан Гаюстың жәмәәтинен алған хабары бойынша, Диотреф атлы қудайсыз бир адам жәмәәт басқарыўын өз қолына алып, Юхан жиберген муғаллимлерди қабыл қылмаған екен. Оларға миймандослық еткен туўысқанларын болса жәмәәттен қуўып шығарған екен. Юхан Диотрефтиң бул қылмысларын қаралайды.

---

### Сәлемнама

1 1 Мен, ақсақалдан, шын жүрегимнен сүйетуғын сүйикли туўысқаным Гаюсқа сәлем!
2 Сүйикли туўысқаным! Рууўхый өмириң саў болғандай, ҳәмме нәрседе табысқа ерисип, дениң саў болыўы ушын дуўа етип атырман. 3 Айырым туўысқанларымыз
келип, сениң ҳақыйқатқа садық екениң ҳәм ҳақыйқат жолы менен жүргениң ҳаққында гүўалық бергенде қатты қуўандым. 4 Мениң
ушын балаларымның ҳақыйқат жолы менен жүргенин еситиўден артық қуўаныш жоқ.

### Аўызбиршилик ҳәм алаўызлық

5 Сүйикли туўысқаным! Бийтаныс болыўына қарамай, сен
туўысқанларымызға шын жүректен жәрдем берип атырсаң. 6 Олар
исениўшилер жәмәәти алдында сениң сүйиспеншилигиң ҳаққында гүўалық берди. Оларды Қудайға минәсип түрде жолға атландырып жиберсең, жақсы ис қылған болар
едиң. 7 Себеби олар исенбейтуғын
адамлардан ҳеш қандай жәрдем қабыл етпей, Ийсаның аты ушын
жолға шыққан еди. 8 Сонлықтан
ҳақыйқатқа шерик болыўымыз ушын бундай адамларды қоллап қуўатлаўымыз керек.
9 Мен исениўшилер жәмәәтине
базы нәрселерди жазған едим, бирақ олардың арасында биринши болыўды жақсы көретуғын Диотреф бизлерди қабыл етпей атыр.
10 Сонлықтан егер барсам, оның ис-
лерин әшкара етемен. Ол бизлерди

жаман сөзлер менен надурыс айыплап жүр. Булар жетпегендей, ол туўысқанларды да қабыл етпей атыр, ҳәтте, қабыл қылмақшы болғанларға тосқынлық жасап, оларды жәмәәттен қуўып атыр.
11 Сүйикли туўысқаным, жаман емес, жақсы өрнек ал. Жақсылық ислейтуғын адам Қудайдан. Жаманлық ислейтуғын адам Қудайды
көрген емес. 12 Димитрий ҳаққында ҳәмме адам, ҳақыйқаттың өзи де жақсы гүўалық берип атыр. Бизлер де жақсы гүўалық берип атырмыз. Гүўалығымыздың дурыс екенин сен билесең.

## Соңғы сәлемнама

13 Саған жазажақ көп нәрселерим бар еди, бирақ сыя ҳәм қәлем менен
жазыўды қәлемеймен. 14 Сени тез арада көриў үмитиндемен, сонда
жүзбе-жүз сөйлесемиз. 15 Аман бол! Дослар саған сәлем айтып атыр. Сен де сол жердеги досларға атпа-ат сәлем айтып қой.

# Яҳуданың хаты

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Бул хатты Ийса Масийхтың ҳәм Яқыптың иниси Яҳуда жазған. Бул хат мазмуны жағынан Петрдиң екинши хатына уқсас болып, мақсети – масийхыйлардың арасына кирип алған жалған устазларды әшкара қылыўдан ибарат. Бул жалған устазлар Қудайдың мийрими ҳаққындағы хабарды бузып үйретип жүрди ҳәм гүна қылыўға ҳуқықымыз бар, деп өз нәпсилерин қандырып жүрди.

Хат қайсы қаладағы масийхыйлар жәмәәтине жазылғаны анық емес. Бирақ мәниси анық көринип турыпты, масийхыйларды жалған устазлардан узақ болыўға, олардың тәлиматына қарсы турыўға, соның менен бирге, исенимде өсип, адамларға сүйиспеншилик пенен қатнас жасаўға ҳәм реҳимли болыўға шақырады.

---

### Сәлемнама

1 [1] Мен, Ийса Масийхтың қулы
ҳәм Яқыптың туўысқаны Яҳудадан, Әкемиз Қудай тәрепинен шақырылғанларға сәлем! Әкемиз Қудай
сизлерди сүйеди ҳәм Ийса Масийхтың Өзи сизлерди сақлап келмекте.
[2] Сизлерге мийрим-шәпәәт, тынышлық ҳәм сүйиспеншилик молмол етип берилсин!

### Жалған тәлимат

[3] Сүйикли туўысқанларым! Бизлерге ортақ болған қутқарылыўымыз ҳаққында жазыўды жүдә
қәлеген едим. Енди мухаддеслерге[a] бироталаға берилген Ийсаға деген исеним ушын гүресиң деп, сизлерге нәсият етип жазыўға мәжбүр болдым. [4] Себеби араңызға айырым
қудайсыз адамлар жасырын кирип алған. Олар Қудайды мийримли деп, Оның мийриминен бузықшылық қылыў ушын пайдаланады, жалғыз Ҳүкимдарымыз ҳәм Ийемиз болған Ийса Масийхты тән алмайды. Ондайлардың жазасы әзелден-ақ жазылып қойылған.
[5] Булардың ҳәммесинен әлле
қашан хабарыңыз болса да, мен

---

a **1:3** *Мухаддеслер* – Ийсаға исениўшилер.

сизлерге еслетип қоймақшыман:
Ийемиз Өз халқын Мысырдан қут-
қарды, бирақ соңынан исенбейту-
ғынларды набыт етти[a]. **6** Сондай-ақ,
өз мәртебе-бийлигине қанаат етпей,
мәканын таслап кеткен periште-
лерди де уллы жаза күнинде ҳүким
етиў ушын мәңгиге байлап, қараң-
ғылыққа қамап қойыпты. **7** Буларға
уқсап, Содом менен Гомора қала-
лары ҳәм олардың әтирапларын-
дағы қалалар да бузықшылық ҳәм
тәбийғый емес жынысый ҳарамы-
лық иследи. Мәңгилик отта жаныў
жазасын алған бул қалалар адам-
ларға ескертиў болды[b].

**8** Сол сыяқлы, араңызға кирген
бул адамлар да қыялпаразлық-
қа берилип, өз денелерин иплас-
лайды ҳәм Қудайдың бийлигин
менсинбей, periштелерди мазақ
етеди. **9** Ҳәтте, бас periште Миха-
ил да Муўсаның денеси ҳаққында
шайтан менен тартысқанда, оны
ғарғап ҳүким етиўге батылы бар-
май, тек: «Жаратқан Ийениң Өзи
саған сазайыңды берсин», – деген
еди. **10** Бирақ бул адамлар өзлери
түсинбейтуғын нәрселерди мазақ
етип, санасыз ҳайўанлар сыяқлы
тек тәбийғый сезим бойынша жа-
сағанлықтан набыт болады. **11** Олар
ҳәсирет шегеди! Өйткени Каин-
ның жаўыз жолы[c] менен бармақта.
Билам сыяқлы дәмегөйшиликке
берилген[d] олар Қорах сыяқлы қоз-
ғалаң көтерип[e], набыт болады.

**12** Тек ғана өзин ойлап, қарым-
қатнас кешелериңизде[f] сизлер
менен бирге ишип-жеген бундай
уятсыз адамлар қәўипли. Олар са-
мал менен көшип жүретуғын жа-
ўынсыз бултларға, гүзде мийўесиз
қалып өлген, тамыры менен жу-
лып тасланған тереклерге уқсай-
ды. **13** Олар көбигин шашыратқан
теңиздиң қәҳәрли толқынлары сы-
яқлы, патаслықларын әтирапқа
шашыратады. Адасқан жулдызлар
сыяқлы болған олар ушын тас тү-
нек қараңғылық мәңгиге таяр тур.

**14-15** Адам-атаның жетинши әўла-
ды болған Энох[g] усы адамлар ҳақ-
қында мына пайғамбаршылықты
айтқан еди:

«Мине, Жаратқан Ийе ҳәр
бир адамды ҳүким қылыў
ушын,
Қудайсыз гүнакарлардың
барлық жаўыз
ис-ҳәрекетлерин,
Өзине қарсы айтылған барлық
жаман сөзлерин әшкара
етиў ушын,
Өзиниң мың-мыңлаған
periштелери менен
келеди».

**16** Бул адамлар ҳәмме ўақыт на-
лып, басқаларға кеўли толмайды.
Олар нәпсиқаўлық пенен ис тутады

---

[a] **1:5** Сан 14:26-38.
[b] **1:7** Жар 18:16–19:28.
[c] **1:11** Жар 4:3-8.
[d] **1:11** Сан 22.
[e] **1:11** Сан 16:1-35.
[f] **1:12** *Қарым-қатнас кешелер* – Қудайға ҳәм бир-бирине деген сүйиспеншили-
гин көрсетиў ушын, исениўшилер ҳәр екшемби күни бирге аўқатланатуғын еди.
[g] **1:14-15** Жар 5:18-24.

ҳәм лапгөйлик етип, өз пайдасы
ушын басқаларға жарамсақланады.

### Ақыл-нәсиятлар

**17** Бирақ сизлер, сүйикли туўыс-
қанларым, Ийемиз Ийса Масийх-
тың елшилери тәрепинен алдын
айтылған сөзлерди еске түсириң-
лер. **18** Олар сизлерге: «Дүньяның
соңғы күнлеринде өз нәпсине бе-
рилген, Қудайдан қорқпайтуғын
мазақ етиўшилер пайда болады»[a], –
деген еди. **19** Бундай адамлар – ала-
ўызлық салыўшы ҳәм Мухаддес
Руўхтан бос қалып, өзиниң гүнакар
тәбиятының қулы болған адамлар.
**20** Бирақ сизлер, сүйикли туўыс-
қанларым, ең мухаддес болған
исенимиңизди өмириңиздиң тий-
кары қылып, жетилисип барың-
лар. Мухаддес Руўх пенен дуўа
етиңлер. **21** Өзлериңизди мәңгилик
өмирге еристиретуғын Ийемиз
Ийса Масийхтың мийрим-шә-
пәәтин күтип, Қудайдың сүйис-
пеншилиги менен жасаўды даўам
етиңлер. **22** Исенимде екилениўши
айырым адамларға мийримлилик
пенен қатнас жасаңлар. **23** Базы-
ларды оттан шығарып, қутқарың-
лар. Жәнe басқаларға реҳимлилик
көрсетиңлер. Деген менен, абай-
лы болыңлар. Ҳәтте, олардың де-
нелериниң гүнакарлығы себепли
былғанған кийимлеринен де жер-
кениңлер.
**24-25** Қутқарыўшымыз болған
жалғыз Қудай сизлерди жығылыў-
дан сақлаўға, Өзиниң салтанатын-
да уллы қуўаныш пенен минсиз
қылып турғызыўға қудиретли.
Ийемиз Ийса Масийх арқалы әзел-
ден, ҳәзир ҳәм мәңгиге, уллылық,
салтанат, күш-қудирет ҳәм ҳүким-
дарлық Қудайдики болсын!
Аўмийин.

---

[a] **1:18** 2Пет 3:3.

# Римлилерге жазылған хат

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Бул хатты Римдеги жәмәәтке елши Павел жазған. Римдеги жәмәәт яҳудий ҳәм басқа миллетлерден болған масийхыйлардан ибарат еди. Павел Римге барыўға таярлық көрип атырған еди. Оның хатты жазғандағы мақсети өзин Римдеги жәмәәтке таныстырыў, оларға Ийса Масийх ҳаққындағы тәлиматты түсиндириў ҳәм олардың жәрдеминде Испанияда өз хызметин даўам еттириў еди. Бул хатта Павел Хош Хабарды толық ҳәм ҳәр тәреплеме сүўретлейди. Хаттың негизги мәниси Павелдиң мына сөзлеринде өз орнын тапқан: Қудайдың адамды ақлайтуғыны Хош Хабарда ашық көрсетилген. Ақланыў исеним арқалы басланып, исеним арқалы даўам етеди. Мухаддес Жазыўда айтылғандай: «Ҳақ адам исеними менен жасайды» (1:17).

Хаттың биринши бөлиминде (1-4–баплар) Павел Хош Хабарды толық түсиндиреди. Ҳәр бир инсан, яҳудий болсын, басқа миллет болсын ҳәмме гүнакар бенде, сол себептен ҳәр бир адам Қудай менен жарасыўы керек. Буған саўап ислер, диншиллик ямаса Қудайдың нызамына әмел қылыў арқалы емес, ал Ийса Масийхқа болған исеним арқалы ғана ерисе алады.

Хаттың даўамында (5-8–баплар) Павел Муўсаның нызамы ҳәм Мухаддес Руўх туўрысында сөз қылады. Қудайдың нызамды не мақсетте бергенин түсиндирип, исениўши адамның өмиринде әмел қылатуғын Мухаддес Руўхтың қүдирети ҳаққында жазады. Кейин Павел итибарын Қудайдың қутқарыў жобасына қаратады (9-11–баплар). Бул жобада яҳудийлер ҳәм басқа миллетлердиң өзине жараса тутқан орны бар екенин айтып өтеди.

Хаттың кейинги бөлиминде (12-16–баплар) Павел масийхыйларға күнделикли өмирге тийисли нәсиятлар береди. Қудайға хызмет етиў, ҳүкиметке бойсыныў, адамлар алдындағы ўазыйпалар ҳәм ҳүждан мәселеси сыяқлы темаларды сәўлелендиреди. Хат сәлемнамалар менен тамамланады.

## Сәлемнама

1 1 Ийса Масийхтың қулы бол-
ған, елшиликке шақырылып,
Қудайдың Хош Хабарын жәриялаў
ушын таңланған мен, Павелден сә-
лем! 2 Усы Хош Хабарды Қудай Өз
пайғамбарлары арқалы Мухаддес
Жазыўларда әўелден ўәде еткен еди.
3 Бул Хош Хабар Қудайдың Улы ҳақ-
қында болып, Ол адам сыпатында
Даўыттың урпағынан туўылды ҳәм
4 Оның Мухаддес Руўх тәрепинен
өлимнен қайта тирилиўи арқалы
Қудайдың Улы екени қүдирет пенен
дәлилленди. Қудайдың Улы – бул
Ийемиз Ийса Масийх. 5 Масийх-
тың аты менен барлық халықларды
исенимге әкелиў ушын, Ол арқалы
бизлер Қудайдың мийримине ҳәм
елшилик хызметине ийе болдық.
6 Ийса Масийхқа тийисли болыў
ушын таңланған сизлер де усы ҳәр
түрли миллетлерденсиз. 7 Қудай
сүйип, Өз мухаддеслери[a] болыўға
шақырған, Римдеги сизлердиң ҳәм-
меңизге Әкемиз Қудай ҳәм Ийемиз
Ийса Масийх мийрим ҳәм тыныш-
лық берсин!

## Павелдиң Римге барыўды әрман етиўи

8 Алды менен исеними ңиздиң
даңқы пүткил дүньяға жайыл-
ғаны себепли, сизлердиң ҳәмме-
ңиз ушын Ийса Масийх арқалы
Қудайыма шүкирлик билдиремен.
9 Улының Хош Хабарын жәриялаў-
да шын кеўлим менен мен хызмет
етип атырған Қудайдың Өзи ду-
ўа еткенимде сизлерди үзликсиз
тилге алып атырғаныма гүўа.
10 Және де, енди сизлерге бары-
ўым ушын Қудайдың қәлеўи ме-
нен жол ашылыўын да тынбастан
сорап атырман. 11 Өйткени исени-
миңиздиң беккем болыўы ушын
сизлерге бир руўхый сыйды жет-
керейин деп, мен сизлерди қатты
көргим келип атыр. 12 Яғный, ара-
ңызда болғанымда бир-биримиз-
диң исенимимизден жигерленсек
екен деймен.

13 Туўысқанларым, басқа мил-
летлер арасында болғаны сыяқлы,
сизлердиң араңызда да мениң ис-
леримниң жемиси болыўы ушын,
жаныңызға барыўды көп мәрте-
бе мақсет етсем де, бирақ ҳәзирге
дейин тосқынлықларға дус келге-
нимнен бийхабар қалыўыңызды
қәлемеймен. 14 Мениң парызым
ҳәммеге: грек мәдениятына тийис-
ли адамларға ҳәм тийисли емес-
лерге, билимли ҳәм билимсиз
адамларға Хош Хабарды жәрия-
лаўдан ибарат. 15 Сонлықтан қо-
лымнан келгенше, Римде болған
сизлерге де Хош Хабарды жәрия-
лаўға таярман.

## Хош Хабардың күши

16 Себеби мен Хош Хабардан ар-
ланбайман. Хош Хабар – исенген
ҳәр бир адамды, биринштиден яҳу-
дийлерди, соңынан яҳудий емес-
лерди қутқара алатуғын Қудайдың
күши. 17 Қудайдың адамды ақ-
лайтуғыны Хош Хабарда ашық
көрсетилген. Ақланыў исеним ар-
қалы басланып, исеним арқалы
даўам етеди. Мухаддес Жазыўда

[a] 1:7 *Мухаддеслер* – Ийсаға исениўшилер.

айтылғандай: «Ҳақ адам исеними
менен жасайды».[a]

### Қудайдың ғәзеби

18 Ҳақыйқатқа өз наҳақлығы менен бөгет болатуғын адамлардың барлық қудайсыз ҳәм наҳақ ислерине аспаннан Қудайдың ғәзеби төгиледи. 19 Өйткени Қудай ҳаққында билиўге мүмкин болған нәрселер оларға белгили. Қудайдың Өзи оларға усыларды мәлим еткен. 20 Дүнья жаратылғаннан бери Қудайдың көзге көринбейтуғын қәсийетлери, яғный шексиз қүдирети ҳәм қудайлығы Ол жаратқан барлықтан сезиледи ҳәм ашық көринеди. Солай етип, олар өзлерин ақлай алмайды.

21 Олар Қудайды билсе де, Оны Қудай деп уллыламады ҳәм Оған шүкирлик билдирмеди. Керисинше, олардың ой-қыяллары бос болып, ақылсыз кеўиллерин қараңғылық қаплады. 22 Өзлерин ақыллымыз деп санап, ақмақ болып шықты. 23 Олар мәңги тири Қудайдың уллылығын басында өлим бар адамның, қуслардың, төрт аяқлы ҳайўанлардың ҳәм жер баўырлаўшылардың көринисиндеги бутларға алмастырды.

24 Сол себептен Қудай оларды жүреклериндеги ҳарам қәлеўлерине ҳәм бузықшылыққа тапсырып, бир-бириниң денесин ипласлаўына тосқынлық жасамады. 25 Олар Қудайдың ҳақыйқатын жалғанға алмастырды. Жаратқанға емес, ал жаратылған нәрсеге сыйынып, оған хызмет етти. Ал Қудай мәңги алғысларға ылайықлы. Аўмийин.

26 Сонлықтан Қудай оларды уятсыз қәлеўлерине тапсырды. Ҳәтте, ҳаяллар да ер адам менен тәбийғый жынысый қатнасты қойып, өз ара тәбийғый емес қатнас жасады. 27 Сол сыяқлы, ер адамлар да ҳаял адам менен тәбийғый жынысый қатнасты қойып, бир-бирине бузық ҳәўес пенен ынтықты. Еркеклер еркеклер менен уятсыз ис-ҳәрекетлер ислеп, өз бузықшылығына ылайық жазасын алды. 28 Қудайды билиўди қәлемегенликтен, Қудай да оларды бузық ой-сезимлерине ҳәм ислеўге болмайтуғын ис-ҳәрекетлерди ислеўге тапсырды. 29 Олардың кеўиллери ҳәр түрли наҳақлыққа, жаўызлыққа, нәпсиқаўлыққа, жаманлыққа, күншилликке, қанхорлыққа, жәнжелкешликке, ҳийлекерликке ҳәм жаман нийетке толы. Олар және өсекши, 30 жалахор, Қудайды жек көриўши, хорлаўшы, менмен, мақтаншақ, жаманлық ислеўге шебер, ата-анасының сөзин тыңламайтуғын, 31 ақылсыз, опасыз, жаўыз ҳәм реҳимсиз адамлар. 32 Бундай ислерди ислеўшилер өлимге ылайық, деген Қудайдың әдил ҳүкимин олар билсе де, бул ислерди тек өзлери ғана ислеп қоймай, ал усы ислерди ислеўшилерди де қоллап қуўатлайды.

### Қудайдың әдил ҳүкими

2 1 Ал сен, басқа биреўди ҳүким етиўши ҳәй адам, өзиңниң ким болыўыңа қарамастан, ақлана алмайсаң. Сен басқа биреўди ҳүким етип турып, өзиңди де ҳүким етесең.

---

a 1:17 Хаб 2:4.

Себеби сен, ҳәй ҳүким етиўши адам,
өзиң де сондай ислерди ислейсең-ғо.
2 Сол ислерди ислеўшилерди Қудай
әдиллик пенен ҳүким ететуғынын
бизлер билемиз. 3 Сондай нәрселер-
ди ислеўшилерди ҳүким еткен, бирақ
өзи де солай ислеўши, ҳәй адам, сен
Қудайдың ҳүкиминен қашып қуты-
ламан деп ойлайсаң ба? 4 Я болмаса,
Қудайдың кең пейиллилигиниң сени
тәўбеге алып келетуғынын билмей,
Оның шексиз кең пейиллилигин, са-
бырлылығын ҳәм шыдамлылығын
писент етпейсең бе?

5 Сен өзиңниң өжетлигиң ҳәм тәў-
беге келмейтуғын жүрегиң себепли,
Қудайдың әдил ҳүкими шығары-
латуғын ғәзеп күни ушын, өзиңе
қарсы ғәзеп топламақтасаң. 6 Қудай
ҳәр бир адамға ислеген исине ыла-
йық қайтарады: 7 үзликсиз жақ-
сылық ислеп, даңқ, ҳүрмет ҳәм
мәңгиликти излегенлерге Қудай
мәңгилик өмир береди. 8 Ал мен-
мен болып, ҳақыйқатқа бойсынбай,
наҳақ жолдан жүриўшилердиң үс-
тине болса, қәҳәр-ғәзебин төгеди.
9 Жаманлық ислеўши ҳәр бир адам-
ға, алды менен яҳудийге, соңынан
яҳудий емес адамға Қудай қыйын-
шылық ҳәм қайғы жибереди. 10 Ке-
рисинше, жақсылық ислеўши ҳәр
бир адамға, алды менен яҳудийге,
соңынан яҳудий емес адамға Ол
даңқ, ҳүрмет ҳәм тынышлық бе-
реди. 11 Өйткени Қудай адамлар-
ды айырмайды.

12 Мухаддес Нызамды билмей гү-
на ислеген ҳәмме адамлар Мухаддес
Нызамға ийе болмай набыт бола-
ды. Ал Мухаддес Нызамды билип
турып гүна ислеген ҳәмме адамлар
Мухаддес Нызам бойынша ҳүким
етиледи. 13 Себеби Қудайдың ал-
дында Мухаддес Нызамды еситкен-
лер емес, ал оны орынлайтуғынлар
ақланады. 14 Мухаддес Нызамға ийе
емес басқа миллетлер ҳүждан ныза-
мы бойынша бул Мухаддес Нызам-
ға ылайықлы ислерди ислесе, олар
Мухаддес Нызамға ийе болмаса да,
өзлери ушын өзлери нызам болады.
15 Солай етип, олар Мухаддес Ны-
замның буйрықларының жүрекле-
ринде жазылғанын көрсетеди. Бул
ҳаққында олардың ҳүжданы гүўа-
лық береди ҳәм ойлары да оларды
биресе айыплап, биресе ақлайды.
16 Мен жәриялап атырған Хош Ха-
бар бойынша Қудай Ийса Масийх
арқалы адамлардың жасырын ой-
қыялларын ҳүким ететуғын күни
усылай болады.

## Яҳудийлер ҳәм Мухаддес Нызам

17 Минекей, сен өзиңди яҳудий-
мен деп, Мухаддес Нызамға сүйе-
несең ҳәм Қудай менен айрықша
қатнастаман деп мақтанасаң. 18 Сен
Қудайдың еркин билесең ҳәм Му-
хаддес Нызамнан тәлим алғаның
себепли, нениң дурыс ямаса нениң
надурыс екенлигин айыра аласаң.
19-20 Мухаддес Нызамнан толық
билим алғаның ҳәм ҳақыйқаттың
негизин билгениң себепли, өзиң-
ди соқырлардың жолбасшысы, қа-
раңғылықта болғанлардың нуры,
ақылсыз адамлардың тәрбияшысы
ҳәм гөдеклердиң устазы деп есап-
лайсаң. 21 Олай болса, басқа би-
реўге тәлим берип турып, өзиңе
неге тәлим бермейсең? Урлық ис-
лемеўди жәриялап, өзиң неге ур-
лық ислейсең? 22 «Бузықшылық

ислеме» деп, өзиң неге бузықшы-
лық ислейсең? Бутлардан жеркенип
турып, неге бутлардың ибадатха-
наларын тонайсаң? 23 Мухаддес
Нызам менен мақтанасаң, бирақ
оны бузып, неге Құдайды ҳүрмет
етпейсең? 24 Өйткени былай деп
жазылған: «Сизлер себепли, бас-
қа миллетлер арасында Құдайдың
атына тил тийеди».[a]

25 Егер Мухаддес Нызамды орын-
ласаң, сүннеттиң[b] пайдасы бар.
Бирақ сен сүннетли болып турып
Мухаддес Нызамды бузсаң, он-
да сүннетленбеген басқа миллет
адамынан сениң ҳеш жериң ар-
тық емес. 26 Солай етип, сүннетсиз
болғанлар Мухаддес Нызамның
талапларын орынласа, онда олар
Құдай тәрепинен сүннетлилер, яғ-
ный Өзиниң халқы деп есаплан-
бай ма? 27 Денесиниң ети кесилип
сүннет етилмеген, бирақ Мухаддес
Нызамды орынлайтуғын адам жа-
зылған Мухаддес Нызамға ҳәм сүн-
нетке ийе болып турып, Мухаддес
Нызамды бузыўшы сен яҳудийди
айыпламас па екен? 28 Себеби тек
сыртқы белгилери менен яҳудий
болған адам ҳақыйқый яҳудий емес
ҳәм денесиниң ети кесилип сүн-
нет етилиў де ҳақыйқый сүннет
етилиў емес. 29 Ал, ишки дүньясы
менен яҳудий болған адам ғана
ҳақыйқый яҳудий. Және де, ҳа-
қыйқый сүннет – бул жазылған
Мухаддес Нызам бойынша ис-
ленген сүннет емес, ал Мухаддес
Руўх тәрепинен исленген жүрек-
тиң сүннети[c]. Усындай сүннетке
ийе болған адам адамлардың емес,
ал Құдайдың мақтаўын алады.

**3** 1 Олай болса, яҳудий болыўдың
қандай да бир артықмашлығы
бар ма? Я болмаса, сүннетлениў-
диң пайдасы бар ма? 2 Әлбетте, бар.
Яҳудий болыў – ҳәр тәреплеме ар-
тықмашлыққа ийе. Өйткени ең ал-
ды менен Құдайдың сөзлери оларға
исенип тапсырылған. 3 Егер олардың
айырымлары Құдайдың сөзлерине
садық болмай шыққан болса не бо-
лыпты? Олардың садық болмаўы
Құдайдың садықлығын бийкарлай
ала ма? 4 Ҳеш қашан! Ҳәмме адам-
лар өтирикши болса да, Құдай ҳақ.
Себеби Мухаддес Жазыўда Құдай
ҳаққында былай делинген:

«Ҳақ екениңди сөзлериң менен
көрсетесең,
Ҳүким шығарылғанда жеңиске
ерисесең».[d]

5 Бирақ, бизлердиң наҳақлығы-
мыз Құдайдың ҳақлығын ашып
көрсетсе, онда не деймиз? Құдай
бизлерди ғәзеп пенен жазаласа,
әдалатсыз болғаны ма? Мен бу-
ларды адамлардың ойы бойынша
айтып атырман. 6 Ҳеш қашан! Егер
Құдай әдалатсыз болса, Ол дүнья-
ны ҳүким ете алар ма еди? 7 Деген
менен, айырымлар былай деп со-
раў қойыўы мүмкин: «Егер мениң
наҳақлығым Құдайдың ҳақлығы-
ның артып, Оның уллыланыўына

---

[a] **2:24** Ийш 52:5; Езк 36:22.
[b] **2:25** Жар 17:9-14.
[c] **2:29** Нзм 10:16.
[d] **3:4** Заб 50:6.

хызмет етсе, сонда неге мен гүна-
кар болып ҳүким етилмектемен?»
8 Солай етип: «Жақсылық шықсын
деп, жаманлық ислей берейик», –
дейик пе? Базы адамлар бизлер-
ге жала жаўып, усындай сөзлерди
айтты демекте. Бундай адамлар
Қудайдың жазасына ылайықлы.

### Бирде бир ҳақ адам жоқ

9 Енди не деўге болады? Биз яҳу-
дийлер басқа миллетлерден артық-
пыз ба? Әлбетте, яқ! Өйткени әлле
қашан дәлиллегенимдей, яҳудий
де, басқа миллет адамы да, яғный
ҳәр бир адам гүнаның бийлиги ас-
тында. 10 Мухаддес Жазыўларда
айтылғанындай:
«Ҳеш бир ҳақ адам жоқ,
Бирде бири жоқ.
11 Ҳеш бир түсинетуғын адам жоқ.
Ҳеш ким Қудайды излемейди.
12 Ҳәмме жолдан адасқан,
Барлығы жарамсыз болған.
Жақсылық қылатуғын ҳеш ким жоқ.
Бирде бири жоқ».[a]
13 «Аўызлары ашық бир қәбир сыяқлы,
Олар сөзлери менен адамларды ашық гөрге тығады».
«Майлы тиллери менен жалған сөйлейди,
Тиллеринде жылан зәҳәри бар».[b]
14 «Аўызлары толы ғарғыс-нәлет сөзлерге».[c]
15 «Аяқлары шаққан қан төгиўге.
16 Олар қәдем басқан жерге келер қыйралыўў ҳәм бәле.
17 Билмес олар тынышлық жолын».[d]
18 «Қудайдан қорқыў да жоқ кеўиллеринде».[e]
19 Мухаддес Нызамда айтылған-
лардың ҳәммеси Мухаддес Нызам
астында болғанларға айтылғанын
билемиз. Солай етип, ҳәр бир тил
байланып, пүткил дүнья Қудайдың
алдында есап береди. 20 Сонлықтан
Мухаддес Нызамды орынлағаны
арқалы ҳеш бир адам Қудайдың
алдында ақлана алмайды. Кери-
синше, Мухаддес Нызам арқалы
адам өзиниң гүнакар екенин би-
лип алады.

### Исеним менен ақланыў

21 Енди болса, Қудайдың адамды
ақлайтуғын әдиллиги Мухаддес
Нызамға байланыслы болмай-ақ
ашық көрсетилди. Мухаддес Нызам
да, пайғамбарлардың Жазыўлары
да бул ҳаққында гүўалық береди.
22 Қудайдың әдиллиги адамлар-
ды олардың Ийса Масийхқа деген
исеними арқалы ақлайды. Буны
Ол исенетуғын ҳәр бир адам ушын
ислейди. Себеби адамлар арасын-
да ҳеш қандай айырмашылық жоқ.
23 Өйткени ҳәмме гүна ислеген ҳәм
Қудайдың салтанатынан айырыл-
ған. 24 Бирақ, адамлар Қудайдың
мийрими менен, Ийса Масийхтың
қаны арқалы ешейин ақланады.

[a] **3:10-12** Заб 13:1-3; 52:2-4; Ўаз 7:20.
[b] **3:13** Заб 5:10; 139:4.
[c] **3:14** Заб 9:28.
[d] **3:15-17** Ийш 59:7-8.
[e] **3:18** Заб 35:2.

25 Масийхқа деген исеним менен,
Оның қаны арқалы гүналары ке-
ширилсин деп, Қудай Масийхты
адамлар ушын қурбанлыққа ба-
ғышлады. Қудай бул арқалы Өз
әдиллигин көрсетти. Себеби Қудай
сабырлылық етип, бурыннан бе-
ри исленген гүналарды кеширди.
26 Және де, ҳәзирги ўақытта Ол
әдиллигин дәлиллеп, Өзиниң ҳақ
екенин ҳәм Ийсаға исенген ҳәр бир
адамды ақлайтуғынын көрсетти.

27 Енди бизлер не менен мақтана
аламыз? Ҳеш нәрсе менен. Қандай
жол менен ақлана аламыз? Мухад-
дес Нызамды орынлаў жолы менен
бе? Яқ, исеним менен. 28 Өйткени
бизлер адамның Мухаддес Нызам-
ды орынлағаны арқалы емес, ал
исеним менен ақланатуғынын мо-
йынлаймыз. 29 Ырасында да, Қудай
тек яҳудийлердиң Қудайы ма? Ол
басқа миллетлердиң де Қудайы
емес пе? Әлбетте, Ол басқа миллет-
лердиң де Қудайы. 30 Себеби сүн-
нетли яҳудийлерди де, сүннетсиз
болған басқа миллетлерди де тек
исеним менен ақлайтуғын Қудай –
жалғыз.

31 Солай етип, бизлер: «Адамлар
тек исеним менен ақланады», – деп,
Мухаддес Нызамды бийкарлай-
мыз ба? Яқ, керисинше, оны тас-
тыйықлаймыз.

### Ибрайымның исеними ҳәм Қудайдың ўәдеси

4 1 Ал енди бизлердиң, яғный
яҳудийлердиң түп бабасы Иб-
райым ҳаққында не деймиз? Ол неге
еристи? 2 Егер ол ислеген саўап ис-
лери себепли ҳақ деп саналған бол-
са, мақтаныўға ҳақысы болар еди.
Бирақ, Қудайдың алдында мақтана
алмайды. 3 Өйткени Мухаддес Жа-
зыўда былай делинген: «Ибрайым
Қудайға исенди ҳәм сол себептен
Қудай оны ҳақ деп санады».[a] 4 Мий-
нет еткенге төленген ҳақы сый емес,
ал ис ҳақы болып есапланады. 5 Би-
рақ ким де ким өзиниң саўап ис-
лерине емес, ал қудайсыз адамды
да ақлайтуғын Қудайға исенсе, ол
исеними себепли ақланған болып
есапланады. 6 Минекей, саўап ис-
лерине қарамай, Қудай тәрепинен
ақланған деп есапланған адамның
бахытлы екени ҳаққында Даўыт та
былай деген:

7 «Қылмыслары кеширилгенлер,
Гүналары алып тасланғанлар
қандай бахытлы!
8 Жаратқан Ийе гүнасын есапқа
алмайтуғын адам қандай
бахытлы!»[b]

9 Бул бахыт тек сүннетлилер
ушын берилген бе? Я болмаса,
сүннетсизлер ушын да ма? Биз-
лер: «Ибрайым өз исеними се-
бепли ҳақ деп саналды», – деген
едик. 10 Ол қашан ҳақ деп санал-
ды? Сүннетленгеннен кейин бе
ямаса сүннетленбестен бурын ба?
Сүннетленгеннен кейин емес, ал
сүннетленбестен бурын. 11 Сүннет-
ленбесинен бурын исеними менен
ақланғанының белгиси ретинде
Ибрайым сүннетлеў рәсимин қа-
был етти. Солай етип, ол сүннетсиз
болған басқа миллет адамларының

---

[a] **4:3** Жар 15:6.
[b] **4:7-8** Заб 31:1-2.

да ақланған болып есапланыўы
ушын, исенетуғын усындай адам-
лардың ҳәммесиниң руўхый баба-
сы болды. 12 Бабамыз Ибрайым тек
сүннет етилгенлердиң емес, ал сүн-
нет етилместен алдын Ибрайым-
да бар болған исенимниң жолы
менен жүретуғынлардың да баба-
сы болды.

13 Себеби Мухаддес Нызамды
орынлағаны арқалы емес, ал исени-
ми арқалы ақланыўы ушын, Қудай
Ибрайымға ҳәм оның урпақлары-
на дүньяның мийрасхорлары бола-
туғынын ўәде етти. 14 Егер адамлар
Мухаддес Нызамды орынлаўы ар-
қалы мийрасхор болатуғын болса,
онда исеним бийкар ҳәм ўәде де бос
болар еди. 15 Өйткени Мухаддес
Нызам Қудайдың ғәзебин келтире-
ди. Бирақ Мухаддес Нызам болма-
ған жерде нызамды бузыў да жоқ.

16-17 Усылай етип, Қудайдың ўә-
деси тек исеним себепли бериледи.
Ол тек Мухаддес Нызамға ийе бол-
ған яҳудий исениўшилерине ғана
емес, ал Ибрайымның исенимине
ийе болған басқа миллет исениў-
шилерине де, яғный Ибрайымның
пүткил урпағына Қудайдың мий-
рими бойынша бериледи. Мухаддес
Жазыўда Қудайдың Ибрайымға:
«Сени көп халықлардың бабасы
қыламан»,[a] – деп айтқанындай, Иб-
райым өзи исенетуғын Қудайдың,
яғный өлилерди тирилтетуғын ҳәм
жоқтан бар қылатуғын Қудайдың
алдында ҳәммемиздиң бабамыз.

18 Ҳеш үмити қалмаған ўақытта
да Ибрайым үмитин үзбей, Қудайға
исенди. Сонлықтан «Сениң урпа-
ғың есап-сансыз болады»,[b] – деп
Қудайдың оған айтқанындай, ол
көп халықлардың бабасы болды.
19 Жасы жүзге шамаласып, дене-
синде күш қалмағанын ҳәм ҳаялы
Сараның да қурсағына бала пит-
пейтуғынын ол билсе де, исени-
мин азайтпады. 20 Исенимсизлик
етип, Қудайдың ўәдеси туўралы
екиленбеди. Керисинше, исени-
ми күшейип, Қудайды алғыслады.
21 Қудайдың Өз ўәдесин орынлай-
туғын күшке ийе екенине ол толық
исенди. 22 Әне, усы исеними себеп-
ли, Ибрайым ҳақ деп саналды.

23 «Ҳақ деп саналды», – деген
сөзлер тек Ибрайымға емес, 24 ал
бизлерге де тийисли етип жазыл-
ған. Бизлер де Ийемиз Ийсаны
өлимнен тирилткен Қудайға де-
ген исенимимиз бенен ақланған
болып есапланамыз. 25 Ийемиз
Ийса гүналарымыз ушын өлимге
тапсырылып, Қудайдың алдында
бизлердиң ақланыўымыз ушын
қайта тирилди.

### Қудай менен жарасыў

5 1 Солай етип, исеним менен ақ-
ланғанымыз себепли, Ийемиз
Ийса Масийх арқалы Қудай менен
жарастық. 2 Ийса Масийх арқалы
Қудайдың мийримине исенимимиз
бенен ийе болып жасамақтамыз.
Және де, Қудайдың уллылығына
ерисиўден үмит етип, қуўанамыз.
3 Бизлер тек бул себепли емес, ал
қыйыншылықлар себепли де қуўа-
намыз. Себеби қыйыншылықлардан

---

[a] **4:16-17** Жар 17:5.
[b] **4:18** Жар 15:5.

сабырлылық, 4 сабырлылықтан жақ-
сы минез-қулық, жақсы минез-қу-
лықтан үмит пайда болатуғынын
билемиз. 5 Сол үмит бизлерди уят-
қа қалдырмайды. Өйткени Қудай
бизлерге берген Мухаддес Руўхы
арқалы жүреклеримизди Өз сүйис-
пеншилигине толтырды.

6 Аўа, өзлеримизди ақлаўға еле
күшсиз болғанымызда Масийх бел-
гиленген ўақытта қудайсыз болған
бизлер ушын өлди. 7 Ҳеш ким ҳақ
адам ушын жанын өлимге қый-
майды. Ҳәтте, өзине қәўендер бол-
ған адам ушын да жанын өлимге
қыйыўды қәлейтуғын адамлар аз.
8 Бирақ, бизлер еле гүнакар болған
ўақтымызда Масийх бизлер ушын
өлди. Бизлерге деген сүйиспен-
шилигин Қудай усылай дәлилле-
ди. 9 Сонлықтан енди Масийхтың
қаны арқалы ақланғанымыз се-
бепли, Ол арқалы Қудайдың ғәзе-
бинен қутқарылатуғынымыз да
анық. 10 Себеби бизлер Қудайдың
душпаны болсақ та, Оның Улы-
ның өлими арқалы Қудай менен
жарастық. Енди Қудай менен жа-
расып, Оның Улының өмири арқа-
лы қутқарылатуғынымыз да анық.
11 Және де, буның менен шекле-
нип қоймай, бизлерди енди Қудай
менен жарастырған Ийемиз Ийса
Масийх арқалы Қудай менен қат-
наста болып қуўанамыз.

### Адам-ата ҳәм Ийса Масийх

12 Дүньяға бир адам арқалы, яғ-
ный Адам-ата арқалы гүна келди,
ал гүна себепли өлим келди. Со-
лай етип, ҳеш бир адам өлимнен
қашып қутыла алмайтуғын болды.
Өйткени ҳәмме гүна ислеген еди.
13 Мухаддес Нызам берилместен
бурын да дүньяда адамлар гүна
ислейтуғын еди. Бирақ, Мухад-
дес Нызам болмаған ўақытта гү-
на гүна деп есапланбады. 14 Деген
менен, Адам-атадан Муўсаға де-
йин жасағанлар Адам-ата исле-
ген сол гүнаны ислемеген болса
да, өлим олардың үстинен ҳүким-
дарлық етти.

Ал Адам-ата келиўи тийис Адам-
ның, яғный Масийхтың тымса-
лы. 15 Бирақ, олар арасында үлкен
айырмашылық бар. Қудайдың
сыйы Адам-атаның гүнасына уқ-
самайды. Себеби бир адамның гү-
насы себепли көп адамлар өлген
болса да, Қудайдың мийрими ҳәм
басқа бир адамның, яғный Ийса
Масийхтың мийрими менен бе-
рилген сыйды көп адамлар мол-
молақай етип алды. 16 Қудайдың
сыйының нәтийжеси менен бир
адамның гүнасының нәтийжеси
бирдей емес. Адам-атаның гүна-
сының ақыбети ҳүким етилиўге
алып келди, бирақ Қудайдың сы-
йы себепли, көп гүналарымызға қа-
рамастан, бизлерге ақланыў келди.
17 Бир адамның гүнасы себепли, сол
адам арқалы пүткил адамзат үсти-
нен өлим бийлик еткен болса, енди
тек бир адам, яғный Ийса Масийх
арқалы Қудайдың мол мийримин
алып ақланғанлар үстинен өмир
бийлик етеди.

18 Солай етип, бир адамның гү-
насы себепли пүткил адамзат ҳү-
ким етилген болса, бир адамның
ҳақ иси себепли пүткил адамзат
ақланып, өмирге еристи. 19 Бир
адамның бойсынбағаны себеп-
ли көп адамлар гүнакар болып

қалғанындай, бир адамның бой-
сынғаны себепли көп адамлар ақ-
ланады. 20 Адамлар өзлериниң
қаншелли гүнакар екенин билиў
ушын Мухаддес Нызам берил-
ди. Бирақ, гүна көбейген сайын,
Қудайдың мийрими оннан да ар-
тып барды. 21 Солай етип, гүнаның
өлим арқалы бийлик еткениндей,
Қудайдың мийрими де ақлаўы ар-
қалы бийлик етип, Ийемиз Ийса
Масийх себепли мәңгилик өмир-
ге еристиреди.

## Гүна ушын өлип, Масийх пенен жасаў

6 1 Олай болса, не деймиз? Қудай-
дың мийрими көбейсин деп, гү-
на ислеўди даўам еттире берейик
пе? 2 Ҳеш қашан! Бизлер гүна ушын
өлгенбиз. Енди қалайынша, гүна
ислеўди даўам еттирип жасай ала-
мыз? 3 Бизлер Масийх Ийса менен
байланысқа ийе болып, суўға шо-
мылдырылғанымызда ҳәммемиз де
Оның өлимине шерик болып, суўға
шомылдырылғанымызды билмей-
сизлер ме? 4 Масийхқа исенип, суўға
шомылдырылыў арқалы Оның ме-
нен бирге өлип, көмилдик. Солай
етип, Қудай Әкемиздиң қүдирети
менен Масийхтың өлимнен қай-
та тирилип, өмирге ерискениндей,
бизлер де жаңа өмирге ерисемиз.
5 Егер бизлер Масийхтың өлими-
не шерик болып, Оның менен бир-
лескен болсақ, онда Оның қайта
тирилиўине де шерик болып, Оның
менен бирлесемиз. 6 Гүнакар тә-
биятымыздың күшин жоқ қылып,
ендигиден былай гүнаға қул бол-
маўымыз ушын, бизлердиң ески гү-
накар өзлигимиздиң Масийх пенен
бирге атанақ ағашқа шегеленгенин
билемиз. 7 Өйткени өлген адам гү-
наның бийлигинен азат.
8 Егер бизлер Масийх пенен бир-
ге өлген болсақ, Оның менен бирге
жасайтуғынымызға да исенемиз.
9 Себеби Масийхтың өлимнен ти-
рилип, қайтып өлмейтуғынын ҳәм
енди өлимниң Оның үстинен ҳү-
кимдарлық ете алмайтуғынын
билемиз. 10 Масийх гүнаны жоқ
қылыў ушын биринши ҳәм соң-
ғы мәрте өлди. Ал енди болса, Ол
Қудай ушын жасап атыр. 11 Сон-
лықтан сизлер де өзлериңизди гүна
ушын өли деп, ал Масийх Ийса ме-
нен қатнаста болып, Қудай ушын
тири деп есаплаңлар.
12 Солай етип, денеңиздиң жа-
ман қәлеўлерине бойсынбаўыңыз
ушын, гүнаның өткинши денеңиз-
ди басқарыўына жол қоймаңлар.
13 Денеңиздиң мүшелерин наҳақ-
лықтың қуралы қылып, гүна ис-
леўге тапсырмаңлар. Керисинше,
өлимнен қайта тирилгенлер сы-
патында, өзлериңизди Қудайға
бағышлаңлар. Денеңиздиң мүше-
лерин де ҳақлықтың қуралы қы-
лып, Қудайға арнаңлар. 14 Сонда
гүна сизлердиң үстиңизден ҳүким-
дарлық етпейди. Өйткени сизлер
нызамның бийлиги астында емес,
ал Қудайдың мийриминиң бийли-
ги астында жасайсыз.

## Ҳақлықтың қуллары

15 Олай болса, не дейик? Ны-
замның бийлиги астында емес, ал
Қудайдың мийриминиң бийлиги
астында жасап атырғанымыз се-
бепли гүна ислей берейик пе? Ҳеш
қашан! 16 Бойсынатуғын қуллар

сыяқлы, өзлериңизди кимниң бий-
лигине тапсырып бойсынсаңыз,
соның қулы болатуғыныңызды
билмейсизлер ме? Сизлер я өлимге
жетелеўши гүнаның, я ақланыўға
жетелеўши бойсыныўшылықтың
қулы боласызлар. 17 Бирақ, Қудай-
ға шүкир! Бурын гүнаның қулы
болған сизлер енди өзлериңизге
тапсырылған тәлиматқа шын жү-
induced-ректен бойсындыңлар 18 ҳәм гү-
наның бийлигинен азат болып,
ҳақлықтың қуллары болдыңлар.

19 Түсиниўиңизге аңсат болыў
ушын, әпиўайы сөзлер менен ай-
тып атырман: бурын денеңиздиң
мүшелерин ипласлыққа ҳәм наҳақ
ислерди ислеў ушын наҳақлыққа
қул қылып бағышлайтуғын еди-
ңиз, ал енди мухаддес болыўы-
ңыз ушын, оларды ҳақлыққа қул
қылып бағышлаңлар. 20 Сизлер
гүнаның қулы болғаныңызда, ҳақ-
лықтың бийлигинен азат едиңлер.
21 Бурын ислеген ислериңизден
ҳәзир өзлериңиз де уяласыз. Сол
ўақытлары усы ислерден не арт-
тырған едиңиз? Олардың ақыры
өлим еди-ғо. 22 Бирақ енди болса,
сизлер гүнаның бийлигинен азат
етилип, Қудайдың қуллары бол-
дыңлар. Сол себептен мухаддес-
ликке ерисип, ақырында мәңгилик
өмирди аласыз. 23 Себеби гүнаның
төлеми – өлим, ал Қудайдың сы-
йы – Ийемиз Масийх Ийса арқа-
лы берилетуғын мәңгилик өмир.

## Нызамнан азат болыў

7 1 Ҳәй, Мухаддес Нызамды би-
лиўши туўысқанларым, мен
сизлерге қарата айтып атырман: Му-
хаддес Нызамның адам үстинен тек
тири ўақтында ғана бийлик жүрги-
зетуғынын билмейсизлер ме? 2 Мы-
салы: күйеўи бар ҳаял күйеўиниң
көзиниң тирисинде оған нызам бо-
йынша байланған болады. Бирақ,
күйеўи қайтыс болса, ҳаял неке ны-
замынан азат болады. 3 Солай етип,
ҳаял күйеўиниң көзиниң тирисинде
басқа бир еркек пенен жасаса, неке
ҳадаллығын бузған болып есаплана-
ды. Бирақ, күйеўи өлсе, ҳаял нызам
бойынша азат болады. Ол басқа бир
еркекке турмысқа шықса да, неке
ҳадаллығын бузған болмайды.

4 Сол сыяқлы, туўысқанларым,
сизлер де Басқаға, яғный өлимнен
қайта тирилген Масийхқа тийис-
ли болыўыңыз ушын, Масийхтың
денесиниң атанақ ағашта өлгени
арқалы Мухаддес Нызам алдын-
да өлгенсиз. Бул ҳәммемиздиң
Қудайға хызмет етип, жемис бе-
риўимиз ушын болды. 5 Өйткени
бурын бизлер гүнакар тәбияты-
мызға бойсынып жасағанымызда,
Мухаддес Нызам себепли пайда
болған гүнакар қәлеўлер денемиз-
диң мүшелеринде ҳәрекет ететуғын
еди. Соның нәтийжесинде, бизлер
өлимге жетелеўши жемислер бере-
туғын едик. 6 Енди болса, бизлер
бурын өзлеримизди байлап қой-
ған Мухаддес Нызам ушын өлип,
Мухаддес Нызамнан азат болдық.
Солай етип, жазылған Мухаддес
Нызам бойынша басқарылатуғын
ески жол менен емес, ал Мухаддес
Руўх басқаратуғын жаңа жол ме-
нен Қудайға хызмет етпектемиз.

## Гүна менен гүрес

7 Олай болса, не дейик? Мухад-
дес Нызам жаман болғаны ма? Ҳеш

қашан! Егер Мухаддес Нызам бол-
мағанда, мен гүнаның не екенин
билмеген болар едим. Егер Мухад-
дес Нызам: «Басқа биреўдиң нәр-
сесин күсеме»,[a] – демегенде, мен
күсеўдиң гүна екенин билмеген бо-
лар едим. 8 Деген менен, гүна усы
буйрықтан пайдаланып, менде ҳәр
түрли күсеўлерди пайда етти. Себе-
би Мухаддес Нызам болмаса, гүна
өли болады. 9 Мен бир ўақытлары
Мухаддес Нызамды билмей жаса-
ғанымда тири едим. Бирақ, Қудай-
дың буйрықларын билгенимнен
соң, менде гүна тирилип, ҳәрекет
ете баслады, 10 ал мен өлдим. Со-
лай етип, өмирге ийе болыў ушын
берилген бул буйрықлар мениң
өлимиме себепши болды. 11 Өйт-
кени гүна буйрықтан пайдаланып,
мени алдады ҳәм усы буйрық ар-
қалы мени өлтирди. 12 Солай бол-
са да, Мухаддес Нызам – мухаддес,
Қудайдың буйрықлары да мухад-
дес, ҳақ ҳәм жақсы.

13 Солай екен, жақсы нәрсе маған
өлим алып келди ме? Ҳеш қашан!
Гүна маған жақсы нәрсе арқалы
өлим алып келди. Бул гүнаның
гүна болып ашық билиниўи ушын
болды. Солай етип, буйрық ар-
қалы гүнаның қаншелли жаман
екени белгили болады. 14 Бизлер
Мухаддес Нызамның руўхый еке-
нин билемиз. Ал мен гүнаға қул бо-
лып сатылған, өткинши денеге ийе
адамман. 15 Мен не ислеп атырға-
нымды өзим түсинбеймен. Себе-
би мен қәлеген нәрсемди емес, ал
жек көретуғын нәрсемди ислеймен.
16 Егер мен қәлемеген нәрсемди
ислеп атырғанымда исимниң жа-
ман екенин мойынласам, онда Му-
хаддес Нызамның жақсы екенин
мақуллаған боламан. 17 Олай бол-
са, бул исти мениң өзим емес, ал
ишимде жасайтуғын гүна ислеп
атырған болады. 18 Мениң ишим-
де, яғный гүнакар тәбиятымда ҳеш
бир жақсы нәрсениң жоқ екенин
билемен. Ишимде жақсылық ис-
леўге қәлеў болса да, күшим жет-
пейди. 19 Өйткени өзим ислеўди
қәлейтуғын жақсы исти емес, ал
керисинше, ислеўди қәлемейтуғын
жаман исти ислеймен. 20 Егер мен
өзим қәлемейтуғын нәрсени ис-
лесем, онда оны мениң өзим емес,
ал ишимде жасайтуғын гүна исле-
ген болады.

21 Солай етип, мен өзимде мына-
дай нызамның бар екенин билдим:
мен жақсы нәрсени ислеўди қәле-
генимде, ишимдеги жаманлық ҳә-
рекет етиўге таяр турады. 22 Мен
руўхым менен Қудайдың Нызамын
қуўанышлы түрде мақуллайман.
23 Бирақ, денемниң мүшелеринде
басқа бир нызамды байқайман. Ол
мениң сана-сезимимниң нызамы-
на қарсы урысып, мени денемниң
мүшелериндеги гүна нызамына
тутқын етеди. 24 Ўаҳ, сорлы басым!
Өлимге жетелеўши бул денеден ме-
ни ким қутқарады? 25 Ийемиз Ийса
Масийх арқалы тек жалғыз Қудай
ғана қутқарады! Қудайға шүкир-
лер болсын!

Солай етип, мен өз сана-сезимим
менен Қудайдың Нызамына, ал гү-
накар тәбиятым менен гүнаның
нызамына хызмет етип атырман.

---

a **7:7** Шығ 20:7; Нзм 5:21.

### Өмир бериўши Мухаддес Руўх

**8** 1 Солай етип, Масийх Ийсаға
тийисли болғанларға* қарсы ен-
ди ҳеш қандай ҳүким жоқ. 2 Себеби
Масийх Ийса арқалы өмир берету-
ғын Мухаддес Руўхтың нызамы мени
гүнаның ҳәм өлимниң нызамынан
азат қылды. 3 Адамның гүнакар тә-
бияты ҳәлсиз болғанлықтан, адам
Мухаддес Нызамды толық орынлай
алмады. Сонлықтан Мухаддес Ны-
зам адамды қутқара алмады, бирақ
оны Қудайдың Өзи қутқарды: Қудай
Өз Улын адам денесинде бул дүньяға
жиберип, Оны гүналар ушын төле-
нетуғын қурбанлық қылып бағыш-
лады ҳәм бизлердиң гүналарымыз
жүкленген Өз Улының денесин ҳү-
ким етти. 4 Солай етип, Қудай буны
гүнакар тәбиятымыздың емес, ал
Мухаддес Руўхтың жетелеўи менен
жүретуғын бизлердиң өмиримизде
Мухаддес Нызамның әдил талапла-
ры орынлансын деп иследи.

5 Өйткени гүнакар тәбиятының
жетелеўи менен жүретуғынлар өз
гүнакар тәбиятының қәлейтуғын
нәрселерин ойлайды, ал Мухаддес
Руўхтың жетелеўи менен жүрету-
ғынлар Мухаддес Руўхтың қәлейту-
ғын нәрселерин ойлайды. 6 Гүнакар
тәбият басқаратуғын ой-пикирлер
өлимге, ал Мухаддес Руўх басқа-
ратуғын ой-пикирлер өмирге ҳәм
тынышлыққа еристиреди. 7 Себе-
би гүнакар тәбият басқаратуғын
ой-пикирге ийе адам – Қудайға
душпан. Ол Қудайдың Нызамына
бойсынбайды ҳәм бойсына алмай-
ды да. 8 Ким де ким гүнакар тәби-
ятының жетелеўи менен жүрсе, ол
Қудайға унай алмайды.

9 Бирақ, ишиңизде Қудайдың
Руўхы жасап атырған болса, он-
да сизлерди гүнакар тәбиятыңыз
емес, ал Мухаддес Руўх басқа-
рып атырған болады. Ким де ким
Масийхтың Руўхына ийе болмаса,
ол Масийхқа тийисли емес. 10 Ал
егер ишиңизде Масийх жасап атыр-
ған болса, денеңиз гүна себепли
өлетуғын болса да, руўхыңыз ақ-
ланғаныңыз себепли тири болады.
11 Ийсаны өлимнен қайта тирилт-
кен Қудайдың Руўхы ишиңизде
жасап атырған болса, онда Масийх
Ийсаны өлимнен қайта тирилткен
Қудай ишиңизде жасап атырған Өз
Руўхы арқалы өлетуғын денеңиз-
ди де тирилтеди.

12 Солай етип, туўысқанларым,
бизлер гүнакар тәбиятымызға бой-
сынып, оның жетелеўи менен жү-
риўге парызлы емеспиз. 13 Өйткени
егер гүнакар тәбиятыңыздың же-
телеўи менен жүрсеңиз, өлесиз. Ал
гүнакар тәбиятыңыздың жаман
ислеринен Мухаддес Руўхтың кү-
ши менен толық ўаз кешсеңиз, жа-
сайсыз. 14 Қудайдың Руўхы менен
басқарылатуғынлардың ҳәмме-
си – Қудайдың балалары. 15 Себе-
би сизлер өзлериңизди және қул
етип, қорқыныш беретуғын руўх-
ты емес, ал өзлериңизди Қудай-
ға бала қылған Мухаддес Руўхты
қабыл еттиңиз. Усы Руўх арқалы
Қудайды: «Әке, Әкежаным!» деп
шақырасыз. 16 Мухаддес Руўхтың
Өзи бизлердиң руўхымыз бенен
бирликте Қудайдың балалары
екенлигимиз ҳаққында гүўалық
береди. 17 Егер бизлер Қудайдың
балалары болсақ, онда мийрасқа
ийе боламыз. Масийх пенен бирге

уллыланыў ушын, Оның менен
бирге азап шексек, онда бизлер
Масийх пенен бирге мийрасқа ше-
рик болған Қудайдың мийрасхор-
ларымыз.

### Келешектеги уллылық

[18] Мениң ойымша, ҳәзирги қы-
йыншылықлар келешекте бизлерге
берилетуғын уллылыққа салыс-
тырғанда ҳеш нәрсе емес. [19] Соның
менен бирге, пүткил жаратылыс
Қудайдың Өз балаларын ашық көр-
сететуғын күнин интизарлық пе-
нен күтпекте. [20] Өйткени пүткил
жаратылыс бул өткинши өмирге
тутқын етилген. Бул олардың өз-
лериниң ерки менен емес, ал тут-
қын қылған Қудайдың ерки менен
болған. [21] Олар өзлериниң бул на-
быт қылыўшы құллықтан қутқа-
рылатуғынынан ҳәм Қудайдың
балаларының уллы азатлыққа ери-
сетуғынынан үмит етеди.
[22] Бизлерге мәлим, пүткил жа-
ратылыс ҳәзирге дейин бирликте
толғақ азабын шеккендей азап ше-
гип, нала етпекте. [23] Тек жараты-
лыс емес, ал Қудайдың биринши
сыйы болған Мухаддес Руўхты ал-
ған бизлер де перзент болып асы-
рап алыныўды, яғный денемиздиң
қутқарылыўын интизарлық пенен
күтип, ишимизден нала етпекте-
миз. [24] Себеби бизлер қутқарыл-
ғанымыз себепли үмитке ийемиз.
Егер бизлер өзлеримиз үмит етету-
ғын нәрсени көрип турған болсақ,
онда ол үмит емес. Көзге көри-
нип турған нәрсеге ким үмит ете-
ди? [25] Бирақ, еле көрмегенимизге
үмит етсек, оны сабырлылық пе-
нен күтемиз.
[26] Соның менен бирге, Мухад-
дес Руўх та ҳәлсиз болған бизлер-
ге жәрдем береди. Өйткени бизлер
қалай дуўа етиў кереклигин бил-
меймиз. Бирақ, Мухаддес Руўх-
тың Өзи сөз бенен айтып жеткизе
алмайтуғын дәрежеде нала шегип,
бизлер ушын Қудайдан өтиниш
етеди. [27] Адамлардың кеўиллерин-
де не бар екенин билиўши Қудай
Мухаддес Руўхтың ой-пикирлерин
биледи. Себеби Мухаддес Руўх му-
хаддеслер ушын Қудайдың ерки
бойынша өтиниш етеди.
[28] Қудай Өзин сүйетуғынларға,
яғный Оның қәлеўи бойынша таң-
ланғанларға ҳәмме нәрсени жақсы-
лық қылып хызмет еттиретуғынын
билемиз*. [29] Өйткени Қудай Өзи
алдыннан билген адамларының
Улына уқсаўы ушын оларды алдын
ала белгиледи. Солай етип, Қудай
Өз Улының көп туўысқанлар ара-
сында тұңғыш болыўы ушын усы-
лай иследи. [30] Қудай Өзи алдын ала
белгилеген адамларын шақырды,
шақырған адамларын ақлады, ал
ақлаған адамларын уллылыққа
еристирди.

### Қудайдың сүйиспеншилиги

[31] Олай болса, буған не деймиз?
Егер Қудай бизлерди жақласа,
бизлерге ким қарсы тура алады?
[32] Қудай, ҳәтте, Өз Улын да ая-
май, Оны бизлердиң ҳәммемиз
ушын қурбанлық қылып бағыш-
лаған болса, Оның менен бирлик-
те бизлерге ҳәмме нәрсени бермес
пе екен? [33] Қудайдың таңлап ал-
ған адамлары болған бизлерди
ким айыплай алады? Қудайдың
Өзи бизлерди ақлайды-ғо. [34] Ким

бизлерди ҳүким ете алады? Ҳеш
ким! Себеби өлип, өлимнен қайта
тирилген Масийх Ийса Қудайдың
оң жағында болып[a], бизлер ушын
өтинбекте. **35** Масийхтың* сүйис-
пеншилигинен бизлерди ким айы-
ра алады? Ҳеш ким. Қыйыншылық
та, қайғы да, қуўдалаў да, ашлық
та, жалаңашлық та, қәўип те, қы-
лыш та айыра алмайды. **36** Мухад-
дес Жазыўда айтылғанындай:

«Бизлер Сениң ушын ҳәр күни
өлтирилмектемиз,
Бизлерди шалынатуғын қойлар
деп есаплайды».[b]

**37** Бирақ, булардың ҳәммесиниң үс-
тинен бизлерди сүйетуғын Масийх
себепли үлкен жеңиске ерисемиз.

**38** Өйткени мен исенемен: өлим де,
өмир де, периштелер де, ҳәкимши-
ликлер де, ҳәзирги ҳәм келешек за-
ман да, күшлер де, **39** бәлентлик те,
тереңлик те, улыўма, жаратылған
ҳеш бир нәрсе бизлерди Қудайдың
бизлерге Ийемиз Масийх Ийса ар-
қалы берген сүйиспеншилигинен
айыра алмайды.

### Қудай таңлаған Израил халқы

**9** **1** Масийхқа тийисли адам сы-
патында ҳақыйқатын айтып
атырман, өтирик сөйлеп турғаным
жоқ. Мухаддес Руўхқа бойсынатуғын
ҳүжданым да буған гүўа: **2** жүрегим-
де үлкен бир қайғым ҳәм таўысыл-
мас бир дәртим бар. **3-4** Қанымыз
бир болған туўысқанларымның, яғ-
ный израиллылардың қутқарылы-
ўы ушын, мен Қудайдың ғарғысына
ушырап, Масийхтан аласлатылы-
ўым керек болса, қайыл болар едим.
Қудай Израил халқын балалары қы-
лып асырап алған, оларға Өз уллы-
лығын берип, олар менен келисим
дүзген. Оларға Мухаддес Нызамын
ҳәм Қудайға хызмет етиў қағый-
даларын тапсырып, ўәделерин де
берген. **5** Олар уллы ата-бабалары-
мыздың урпақлары ҳәм Масийх та
адам денесинде олардың урпағынан
келип шыққан. Масийх – ҳәммениң
үстинен ҳүкимдар болған, мәңги
алғысларға ылайық Қудайдың Өзи.
Аўмийин.

**6** Мен Қудайдың сөзи орынлан-
бады, демекши емеспен. Себеби
Израилдың урпағы болғанлардың
ҳәммеси де ҳақыйқый израиллы-
лар емес. **7** Және де, Ибрайымның
урпағынан болғанлардың ҳәм-
меси де Ибрайымның ҳақыйқый
балалары емес. Қудай Ибрайым-
ға: «Сениң урпағың Ысақ арқалы
даўам етеди»,[c] – деген еди. **8** Де-
мек, Ибрайымның урпағынан бол-
ғанлардың ҳәммеси де Қудайдың
балалары емес. Ал Қудайдың Иб-
райымға берген ўәдеси бойынша
туўылғанлар ғана Ибрайымның
ҳақыйқый урпақлары болып есап-
ланады. **9** Өйткени Қудайдың Иб-
райымға берген ўәдеси мынадай
еди: «Келеси жылы усындай ўа-
қытта жаныңа қайтқанымда, Са-
ра уллы болады».[d]

---

[a] **8:34** Заб 109:1.
[b] **8:36** Заб 43:23.
[c] **9:7** Жар 21:12.
[d] **9:9** Жар 18:14.

10 Соның менен бирге, Ребекка
да бабамыз Ысақтан ҳәмиледар
болып, егиз ул туўды. 11-12 Бирақ,
бул балалар туўылмастан алдын
ҳәм олар еле жақсы ямаса жаман
бир нәрсе ислеместен бурын Қудай
Ребеккаға: «Үлкени кишкенеси-
не бағынышлы болады»,[a] – деген
еди. Солай етип, Қудай усы еки
баладан биреўин таңлап алғанда,
оны ислерине қарап емес, ал бел-
гилеген жобасының иске асыўы
ушын, Өз ерки менен таңлап алды.
13 Ҳәтте, Қудай Мухаддес Жазыў-
да: «Яқыпты сүйдим, ал Эсаўды
жек көрдим»,[b] – деген.
14 Олай болса, не деймиз? Қудай
әдалатсыз болғаны ма? Ҳеш қа-
шан! 15 Себеби Қудай Муўсаға бы-
лай деген:

«Кимге мийрим-шәпәәтимди бе-
риўди қәлесем, соған мийрим-шә-
пәәтимди беремен. Кимге реҳим
етиўди қәлесем, соған реҳим ете-
мен».[c]

16 Солай етип, буған ерисиў адам-
ның қәлеўине ямаса тырысыўына
емес, ал Қудайдың мийрим-шә-
пәәтине байланыслы. 17 Өйткени
Қудай Мухаддес Жазыўда фараон-
ға[d] былай деген:

«Қүдиретимди сен арқалы көр-
сетиў ушын ҳәм атым пүткил жер
жүзине жәрияланыўы ушын, сени
мәртебели қылдым».[e]

18 Солай етип, Қудай қәлеген ада-
мына мийрим-шәпәәтин береди
ҳәм қәлеген адамын тас баўыр қы-
лады.

### Қудайдың ғәзеби ҳәм реҳими

19 Енди сен меннен: «Егер Қудай
усылай ислесе, Ол неге адамды
айыплайды? Оның еркине ким
қарсы тура алады?» – деп сора-
ўың мүмкин. 20 Бирақ, ҳәй адам,
Қудайға қарсылық көрсететуғын-
дай, сен кимсең? Дөретилген нәр-
се өзин дөреткенге: «Мени неге
бундай қылып дөреттиң?» – дей
ме? 21 Я болмаса, гүлалшы бир
ылайдан еки ыдыс соққанда, би-
реўин қымбатлы ис ушын қолла-
нылатуғын ыдыс, ал екиншисин
әпиўайы ис ушын қолланылату-
ғын ыдыс қылып соғыўға ҳақы-
лы емес пе?
22 Қудай да усылай ис тутады.
Ол набыт қылыныўға ҳәм Өзи-
ниң ғәзебине ушыраўға ылайық-
лы адамларға ғәзебин төгип, күшин
көрсетиўди қәлесе де, оларға үл-
кен сабырлылық көрсетти. 23 Жә-
не де, Қудай мәртебеге ерисдириў
ушын Өзи алдын ала таярлап қой-
ған адамларына реҳим етип, Өзи-
ниң шексиз уллылығын көрсетти.
24 Тек яҳудийлер арасынан емес,
ал басқа миллетлер арасынан да
Қудай таңлаған усы адамлар – биз-
лермиз. 25 Ҳошеа пайғамбардың ки-
табында Қудай былай деген:

«Халқым болмаған халықты,
„халқым“ деп,

---

a **9:11-12** Жар 25:23.
b **9:13** Мал 1:2-3.
c **9:15** Шығ 33:19.
d **9:17** *Фараон* – әййемги Мысырда патша усылай аталған.
e **9:17** Шығ 9:16.

Сүймегенимди „сүйиклим“ деп
атайман».[a]
26 «„Сизлер мениң халқым
емессиз“, – деген жерде,
Тири Қудайдың балалары деп
аталасыз».[b]
27 Ийшая пайғамбар да Израил
туўралы бәлент даўыс пенен бы-
лай дейди:
«Израил халқының саны теңиз
қумындай көп болса да,
Тек олардан аман қалғанлары
ғана қутқарылады.
28 Себеби Жаратқан Ийе шығарған
ҳүкимин,
Жер жүзинде тез ҳәм толық
әмелге асырады».[c]
29 Ийшая пайғамбардың болжап
айтқанындай:
«Егер Әлемниң Жаратқан Ийеси,
Бизлерден нәсил қалдырмағанда,
Бизлер Содомдай болар,
Гоморağа мегзер едик».[d]

### Израил халқының исенбеўи

30 Олай болса, не деймиз? Қудай
алдында ақланыўға тырыспаған
басқа миллет адамлары өз исени-
ми арқалы ақланды. 31 Ал Мухад-
дес Нызамды орынлаўы арқалы
ақланыўға тырысқан Израил хал-
қы Мухаддес Нызамды орынла-
ўы арқалы ақлана алмады. 32 Не
ушын? Өйткени олар ақланыўға
исеними арқалы емес, ал саўап ис-
лери арқалы ерисиўге тырысты.
Сонлықтан олар сүрниктиретуғын
тасқа сүрнигип қулады. 33 Мухад-
дес Жазыўда:
«Минекей, Мен Сионда бир
тасты,
Сүрниктиретуғын тас,
қулататуғын жартасты
орнатаман.
Бирақ, Оған[e] исенген адам ҳеш
қашан уятқа қалмайды»,[f] –
делинген.

10 1 Туўысқанларым! Мениң
жүрегимдеги әрманым ҳәм
Қудайдан жалбарынатуғын тиле-
гим – бул халқым болған израиллы-
лардың қутқарылыўы. 2 Олардың
Қудайға инталы екенине өзим гү-
ўаман. Бирақ, бул инта ҳақыйқый
түсиникке тийкарланбаған. 3 Се-
беби олар Қудайдың ақлаў жолын
түсинбей, ақланыўға Мухаддес Ны-
замды орынлаў арқалы ерисиўге
тырысып, Қудайдың ақлаў жолын
қабыл етпеди.
4 Масийх Мухаддес Нызамның
талапларын толық орынлағанлық-
тан, Оған исенген ҳәр бир адам
Қудай алдында ақланады.

### Исенген ҳәр бир адам қутқарылады

5 Мухаддес Нызамды орынлаў
арқалы ақланыў ҳаққында Муўса
мыналарды жазады: «Мухаддес Ны-
замдағы буйрықларды орынлаған

---

a **9:25** Ҳош 2:23.
b **9:26** Ҳош 1:10.
c **9:27-28** Ийш 10:22-23.
d **9:29** Ийш 1:9; Жар 18:16–19:28.
e **9:33** *Оған* – Ийса Масийхқа.
f **9:33** Ийш 8:14; 28:16.

адам олар арқалы жасайды».[a] 6 Ал
исеним арқалы ақланыў былай дей-
ди: «Кеўлиңде: „Масийхты жерге
түсириў ушын ким аспанға шыға-
ды?“[b] 7 ямаса: „Масийхты өлимнен
тирилтиў ушын ким туңғыйыққа
түседи?“[c] – деме». 8 Бирақ, Мухад-
дес Жазыў не демекте? «Қудайдың
сөзи саған жақын. Ол сениң аўзың-
да ҳәм жүрегиңде».[d] Бизлер жәрия-
лап атырған исеним ҳаққындағы
сөзлер – усылар болады. 9 Егер сен
Ийсаны «Ийем» деп аўзың менен
ашық тән алсаң ҳәм Қудайдың Оны
өлимнен тирилткенине шын жүрек-
тен исенсең, қутқарыласаң. 10 Өйт-
кени адам шын жүректен исенгени
арқалы ақланады ҳәм исеними ҳақ-
қында аўзы менен ашық тән алғаны
арқалы қутқарылады. 11 Мухаддес
Жазыўда айтылғандай: «Оған исен-
ген ҳеш бир адам уятқа қалмайды».[e]
12 Себеби яҳудий менен гректиң ара-
сында айырмашылық жоқ. Олардың
ҳәммесиниң Ийеси бир. Ол Өзин
шақырғанлардың ҳәммесине сақый.
13 Мухаддес Жазыўда айтылғандай:
«Жаратқан Ийениң атын айтып ша-
қырған ҳәр бир адам қутқарылады».[f]

14 Бирақ, Қудайға исенбей ту-
рып, Оны қалай шақырыўға бо-
лады? Ол туўралы еситпей турып,
Оған қалай исениўге болады?
Қудай ҳаққында сөзди жәрия-
лаўшы болмаса, қалай еситиў-
ге болады? 15 Сөзди жәриялаўға
жиберилмесе, оны қалай жә-
риялайды? Мухаддес Жазыўда
айтылғандай: «Хош Хабарды жә-
риялаўшылардың аяқлары қан-
дай әжайып!»[g]

16 Деген менен, Хош Хабарға из-
раиллылардың ҳәммеси де исене
бермеди. Ийшая пайғамбардың
айтқанындай: «Ийем! Бизлер айт-
қан хабарға ким исенди?»[h] 17 Демек,
исеним еситиў арқалы пайда бо-
лады, ал еситиў Масийх ҳаққын-
да сөздиң жәрияланыўы арқалы
болады. 18 Бирақ, мениң сорайту-
ғыным мынаў: израиллылар есит-
педи ме? Әлбетте, еситти.

«Хабарлары ҳәр тәрепке
тарқалды,
Сөзлери дүньяның төрт
тәрепине жетип барды».[i]

19 Мен және бир нәрсени сорамақ-
шыман: Израил түсинбеди ме?
Дәслеп Муўса арқалы Қудай былай
деген еди:

«Мен де халық болмаған бир
халық пенен,
Сизлерде қызғаныш оятаман.
Ақылсыз бир халық пенен,
сизлердиң ғәзебиңизге
тийемен».[j]

---

[a] **10:5** Леб 18:5.
[b] **10:6** Нзм 30:12.
[c] **10:7** Нзм 30:13.
[d] **10:8** Нзм 30:12-14.
[e] **10:11** Ийш 28:16.
[f] **10:13** Иол 2:32.
[g] **10:15** Ийш 52:7.
[h] **10:16** Ийш 53:1.
[i] **10:18** Заб 18:5.
[j] **10:19** Нзм 32:21.

20 Соңынан Ийшая пайғамбар Қудайдың сөзлерин батырлық пенен айтып:

«Излемегенлер Мени тапты,
Мени сорамағанларға Өзимди
аян еттим»,[a] – деген еди.

21 Ал, Израил халқы ҳаққында Қудай былай дейди:

«Сөзимди тыңламайтуғын
қайсар бир халыққа,
Күни бойы қушағымды ашып
турдым».[b]

### Қудай Израил халқынан жүз бурған жоқ

11 1 Олай болса, мен мына нәрсени сорап атырман: Қудай
Өз халқынан жүз бурды ма? Ҳеш
қашан! Мен де Ибрайымның урпағынан, Бенямин урыўынан шыққан
израиллыман. 2 Қудай Өзи бурыннан таңлаған халқынан жүз бурмады. Мухаддес Жазыўдың Илияс пайғамбар туўралы жазылған жеринде не айтылғанын билмейсизлер ме? Илияс Израил үстинен Қудайға шағым жасап былай деген
еди: 3 «Ийем! Олар Сениң пайғамбарларыңды өлтирди, қурбанлық орынларыңды бузып таслады. Тек жалғыз мен ғана қалдым. Олар мени де өлтириўге ҳәрекет етпекте».[c]

4 Оған Қудай не деп жуўап берген еди? «Баалдың[d] алдында дизе бүкпеген жети мың адамды Мен Өзим ушын ажыратып алдым».[e]
5 Сол сыяқлы, ҳәзирги ўақытта да израиллылар арасында Қудайдың мийрими менен таңланған аз ғана
адамлар бар. 6 Олар саўап ислери себепли емес, ал Қудайдың мийрими менен таңлап алынды. Егер олар саўап ислери себепли таңлап алынғанда, мийрим мийрим болмас еди. 7 Солай етип, не жүз берди? Израил халқының көпшилик бөлеги излеген нәрсесин таба алмады. Тек олардың арасынан таңлап алынғанлар ғана тапты. Ал қалғанларының жүреклери тас етилди.
8 Мухаддес Жазыўда айтылғандай:
«Қудай оларға Өзиниң сөзин түсинбеўи ушын бийпәрўалық руўхын берди. Сонлықтан олар усы күнге дейин көзлери болса да, көрмейди, қулақлары болса да, еситпейди».[f]
9 Даўыт былай дейди:

«Алдындағы дастурханы
өзлерине қақпан ҳәм дузақ
болсын,
Олар қулап, жазасын алсын.
10 Көзлерин қараңғылық басып,
көрмей қалсын.
Беллери мәңгиге бүгилип
қалсын!»[g]

### Басқа миллетлердиң қутқарылыўы

11 Олай болса, мен мынаны сорап атырман: израиллылар толық набыт болыў ушын сүрникти ме? Ҳеш қашан! Бирақ, израиллылардың

---

[a] **10:20** Ийш 65:1.
[b] **10:21** Ийш 65:2.
[c] **11:3** 3Пат 19:10, 14.
[d] **11:4** *Баал* – кананлылар табынған бут.
[e] **11:4** 3Пат 19:18.
[f] **11:8** Нзм 29:4; Ийш 29:10.
[g] **11:9-10** Заб 68:23-24.

қулағаны себепли, Қудай басқа
миллетлерге қутқарылыўды берди
ҳәм бул арқалы оларда қызғаныш
оятты. 12 Егер израиллылардың гү-
на ислеп қулаўы дүньядағы басқа
миллетлерге байлық алып келип,
оларды байытса, онда пүткил изра-
иллылардың қутқарылыўы дүнья-
дағы басқа миллетлерге қаншелли
көп байлық алып келеди!

13 Басқа миллетлерден болған
сизлерге айтып атырман: басқа
миллетлер ушын елши болып та-
йынланған мен өз хызметимди
мәртебели деп есаплайман. 14 Усы
хызметим арқалы миллетим бир
болған туўысқанларымда қызға-
ныш оянса ҳәм олардың айырым-
лары болса да қутқарылса екен.
15 Өйткени олардың Қудай тәре-
пинен қабыл етилмегени дүнья-
дағы басқа миллетлердиң Қудай
менен жарасыўына себепши бол-
ған болса, онда олардың Қудай тә-
репинен қабыл етилиўи дүньядағы
басқа миллетлердиң қутқарылып,
өлимнен өмирге өтиўине себепши
болмай ма? 16 Егер қамырдың би-
ринши бөлеги Қудайға бағышла-
нып, мухаддес болса, онда пүткил
қамыр да мухаддес болады. Егер
теректиң тамыры мухаддес болса,
онда шақалары да мухаддес.

17 Бирақ, егер зәйтүн ағашының
айырым шақалары, яғный яҳудий-
лердиң айырымлары кесилип тас-
ланып, жабайы зәйтүн ағашының
шақасы болған сен, яғный басқа
миллет адамы олардың орнына жал-
ғанып, ағаштың ширели тамырынан
нәр алсаң, 18 кесилген шақалар ал-
дында мақтанып кетпе! Егер мақ-
танып кетсең, умытпа, сен тамырға
емес, ал тамыр саған нәр берип ту-
рыпты. 19 Сен: «Мениң жалғаныўым
ушын шақалар кесилип тасланды», –
деўиң мүмкин. 20 Дурыс. Олар исен-
бегенликтен кесип тасланды. Ал сен
исенимиң себепли жалғанып турып-
саң. Сен мақтанба, ал қорқ! 21 Себеби
Қудай тәбийғый шақаларды аямаған
болса, онда сени де аямайды.

22 Солай етип, сен Қудайдың
мийрим-шәпәәтин ҳәм қаталлы-
ғын көрип қой: Қудай исенимнен
қайтқанларға қатал. Бирақ сен
Оның мийрим-шәпәәтине садық
қалсаң, Ол да саған мийрим-шә-
пәәтли. Олай болмаса, сен де кесип
тасланасаң! 23 Деген менен, егер
яҳудийлер де исенбеўшиликтен бас
тартса, ағашқа және қайта жалға-
нады. Өйткени Қудай оларды қай-
тадан жалғап қойыўға қүдиретли.
24 Жабайы зәйтүн ағашынан кесип
алынған шақа болған сен тәбиятқа
қарсы түрде жақсы зәйтүн ағашына
жалғандың. Солай екен, тәбийғый
шақалардың өз ағашына қайтадан
жалғаныўы буннан да аңсатырақ!

## Пүткил Израил қутқарылады

25 Туўысқанларым, билгишсинип
кетпеўиңиз ушын, сизлердиң мы-
на сырдан хабарсыз қалыўыңызды
қәлемеймен: басқа миллетлерден
қутқарылатуғынлардың саны тол-
мағанша, Израил халқының бир
бөлегиниң жүреги тас болып қала
береди. 26 Бирақ ақырында пүткил
Израил қутқарылады. Мухаддес
Жазыўда былай делинген:

«Қутқарыўшы Сионнан келеди,
Ол Яқыптың урпағы болған
израиллыларды
қудайсызлықтан қутқарады.

27 Олардың гүналарын
кеширгенимде,
Мениң олар менен дүзетуғын
келисимим усы болады».[a]
28 Хош Хабарды қабыл етпегени
себепли, яҳудийлер Қудайға душ-
пан болды. Бул сизлердиң пайда-
ңыз ушын хызмет етпекте. Деген
менен, Қудай олардың ата-бабала-
рын таңлап алғанлықтан, оларды
сүйеди. 29 Себеби Қудай Өзиниң
сыйларын қайтарып алып, шақы-
рығын бийкарламайды. 30 Сизлер
бир ўақытлары Қудайға бойсын-
байтуғын единңлер, бирақ енди
яҳудийлер бойсынбағаны себеп-
ли, сизлер Қудайдың мийрим-шә-
пәәтине еристиңлер. 31 Сол сыяқлы,
яҳудийлер ҳәзир бойсынбай атыр-
ған болса да, сизлердиң Қудайдың
мийрим-шәпәәтине ерискениңиз
себепли, олар да Қудайдың мий-
рим-шәпәәтине ериседи. 32 Өйткени
Қудай ҳәмме адамларды олардың
бойсынбайтуғын тәбиятына тут-
қын қылып, оларға Өз мийрим-
шәпәәтин көрсетти.
33 О, Қудайдың байлығы, дана-
лығы ҳәм билими қандай терең!
Оның шешимлерине ҳеш кимниң
ақылы жетпейди, жолларын да ҳеш
ким изертлеп шыға алмайды!
34 «Жаратқан Ийениң ой-
пикирлерин ким биле
алады?
Ким Оған мәсләҳәтши болған?»[b]
35 «Қудайдан қайтарып алыў ушын,
Ким Оған алдын ала бир нәрсе
берген?»[c]
36 Себеби Қудай пүткил барлық-
ты жаратқан. Ҳәммеси Ол арқалы
ҳәм Ол ушын бар болған. Оған мәң-
гиге даңқ болсын! Аўмийин.

## Ийса Масийхтағы жаңа өмир

12 1 Солай етип, ҳәй туўысқанла-
рым, Қудайдың мийрим-шә-
пәәти ҳақы сизлерге жалбарынаман:
денелериңизди Қудайға унайтуғын
мухаддес ҳәм тири қурбанлық қы-
лып, Оған бағышлаңлар. Бул сиз-
лердиң Қудай алдындағы ылайықлы
хызметиңиз болады. 2 Бул дүнья-
ның адамларына еликлемеңлер. Ал
Қудайдың ой-пикирлериңизди жа-
ңалап, Оның сизлерди толық өзгер-
тиўине жол қойыңлар. Сонда сизлер
Қудайдың жақсы ҳәм минсиз еркин,
яғный Оған нениң унайтуғынын
айырып билесизлер.
3 Қудайдың маған берген мий-
риминен пайдаланып, ҳәммеңизге
айтып атырман: өзиңизди шектен
тыс жоқары баҳаламаңлар. Кери-
синше, ҳәр бир адам Қудайдың өзи-
не берген исенимине қарай, өзин
ылайықлы баҳаласын. 4 Өйтке-
ни денемиз бир болса да, мүшеле-
римиз көп ҳәм мүшелеримиздиң
атқаратуғын хызмети де ҳәр түр-
ли. 5 Сол сыяқлы, бизлер көп адам
болсақ та, Масийхтың бир денесин
қураймыз ҳәм өз ара байланыс жа-
сайтуғын бир денениң мүшелери-
миз. 6 Қудайдың бизлерге берген
мийрими бойынша, бизлер ҳәр түр-
ли руўхый сыйларға ийемиз. Ким-
ниң пайына пайғамбаршылық етиў

[a] **11:26-27** Ийш 59:20-21; 27:9.
[b] **11:34** Ийш 40:13.
[c] **11:35** Аюп 41:3.

сыйы тийсе, ол исенимине қарай
пайғамбаршылық етсин. 7 Хызмет
етиў тийсе, хызмет етсин. Тәлим
бериў тийсе, тәлим берсин. 8 Ал
кимниң пайына жубаныш бериў
тийсе, жубаныш берсин. Үлести-
риўши болыў тийсе, шын кеўилден
үлестирсин. Басшылық етиў тий-
се, ғайрат пенен басшылық етсин.
Мийрим-шәпәәт көрсетиў тийсе,
қуўанышлы түрде мийрим-шәпә-
әт көрсетсин.

## Масийхыйлық өмир тәризи

9 Сүйиспеншилигиңиз ҳақый-
қый болсын. Жаманлықтан қашып,
жақсылыққа жабысып алыңлар.
10 Бир-бириңизди туўысқанлық
сүйиспеншилик пенен шын жү-
ректен сүйиңлер. Бир-бириңизге
өз ара ҳүрмет көрсетиўге тыры-
сыңлар. 11 Интаңыз пәсеймесин.
Ериншек болмаңлар. Ийемизге жа-
лынлы руўх пенен хызмет етиңлер.
12 Үмит етип, қуўанып жасаңлар.
Қыйыншылықларда сабырлы бо-
лыңлар. Үзликсиз дуўа етиңлер.
13 Мүтәжликте жасап атырған му-
хаддеслер менен барыңызды бө-
лисиңлер. Миймандос болыўға
тырысыңлар. 14 Сизлерди қуўда-
лайтуғынлар ушын Қудайдан жақ-
сылық тилеңлер. Ғарғыс емес, ал
жақсылық тилеңлер. 15 Қуўанып
атырғанлар менен бирге қуўанып,
жылап атырғанлар менен бирге
жылаңлар. 16 Өз ара аўызбирши-
ликли болыңлар. Менменликке
берилмей, басқалар пәс көретуғын
адамлар менен қатнас жасаңлар.
Өзлериңизди басқалардан ақыл-
лы санамаңлар. 17 Ҳеш кимниң жа-
манлығына жаманлық пенен жуўап
қайтармаңлар. Ҳәммениң ойы бо-
йынша жақсы деп саналған ислерди
ислеўге тырысыңлар. 18 Егер мүм-
кин болса, қолыңыздан келгенше,
барлық адамлар менен татыўлық-
та жасаңлар.

19 Сүйикли туўысқанларым! Өзи-
ңиз ушын өш алмаңлар. Ал буны
Қудайға тапсырыңлар. Себеби Му-
хаддес Жазыўда Жаратқан Ийе
былай дейди: «Өш алыў Мениң
қолымда, сазайын Өзим беремен».[a]
20 Керисинше:

«Душпаның аш болса, оны
тойдыр,
Егер шөллесе, суў бер.
Солай ислеп, оны уялтарсаң».[b]

21 Жаманлықтан жеңилме. Ал, жа-
манлықты жақсылық пенен жең.

## Ҳүкиметке бойсыныў ҳаққында

**13** 1 Ҳәр бир адам басқарыў-
шы ҳүкиметке бойсынсын.
Өйткени Қудайдан болмаған ҳеш
қандай ҳүкимет жоқ. Бар болған
ҳүкиметлердиң ҳәммеси де Қудай
тәрепинен орнатылған. 2 Сонлық-
тан ҳүкиметке қарсы шыққан адам
Қудай орнатқан тәртипке қарсы
шыққан болады. Бундай адамлар
жазаға ушырайды. 3 Себеби бас-
шылардан жақсылық ислеўшилер
емес, ал жаманлық ислеўшилер
қорқады. Басшылардан қорқпаўды
қәлейсең бе? Онда жақсылық исле.
Сонда сен басшының мақтаўына

---

a **12:19** Нзм 32:35.
b **12:20** Ҳкм 25:21-22.

ерисесең. 4 Басшы – сениң пайдаң
ушын мийнет ететуғын Қудайдың
хызметшиси. Бирақ, егер сен жа-
манлық ислейтуғын болсаң, қорқ!
Өйткени ол қылышты бийкарға
көтерип жүрген жоқ. Ол Қудайдың
хызметшиси болып, жаманлық
ислеўшини Қудайдың ғәзеби ме-
нен жазалайды. 5 Сонлықтан тек
Қудайдың ғәзебинен қорққанлық-
тан емес, ал ҳүжданың бойынша
да бойсыныўың тийис. 6 Сизлер-
диң салық төлеўиңиздиң себеби
де усы. Себеби салық жыйнаўға
бийлиги бар адамлар да өз иси ме-
нен бәрқулла бәнт болып, Қудай-
ға хызмет етеди. 7 Солай етип, ҳәр
кимге тийислисин бериңлер: са-
лық жыйнаўшыға – салық, бажы
жыйнаўшыға – бажы бериңлер
ҳәм қорқыўға ылайық адамнан
қорқып, ҳүрметке ылайық адамға
ҳүрмет көрсетиңлер.

## Сүйиў – бул Мухаддес Нызамды орынлаў

8 Ҳеш кимге қарыздар болмаңлар.
Ҳеш қашан толық өтеп болмайту-
ғын қарыз болған, бир-биреўди
сүйиўди тоқтатпаңлар. Өйткени
басқаларды сүйген адам Мухад-
дес Нызамды орынлаған болады.
9 «Неке ҳадаллығын бузба, адам
өлтирме, урлық ислеме*, басқаның
мүлкин күсеме»,[a] – деген буйрық-
лар ҳәм қалған барлық буйрықлар
мына сөзлерде жәмленген: «Өзиң-
ди сүйгениң сыяқлы, жаныңдағы
адамды да сүй».[b] 10 Жаныңдағы
адамды сүйетуғын оған жаманлық
ислемейди. Сонлықтан басқалар-
ды сүйиў – бул Мухаддес Нызам-
ды орынлаў демек.
11 Ҳәзирги заманның қандай еке-
нин билип, усыны орынлаңлар. Ен-
ди сизлердиң уйқыдан оянатуғын
ўақтыңыз келди. Себеби бизлердиң
қутқарылыўымыз бизлер исен-
ген дәслепки ўақытларға қараған-
да, ҳәзир жақынырақ. 12 Түн өтип,
күндиз жақынлады. Сонлықтан
қараңғылықтың ислерин таслап,
нурдың саўыт-қуралларын тағып
алайық. 13 Айшы-әширетке ҳәм
мәскүнемликке, ҳарамылыққа ҳәм
бузықшылыққа, жәнжел ҳәм күн-
шилликке берилмейик. Күндизге
жарасатуғын әдепли өмир сүрейик.
14 Ийемиз Ийса Масийхқа бөлениң-
лер ҳәм гүнакар тәбиятыңыздың
жаман қәлеўлерине бойсынбаңлар.

## Ҳәлсиз ҳәм күшли исеним

**14** 1 Исеними ҳәлсиз адамды
оның пикирлери ҳаққында
тартыспай қабыл етиңлер. 2 Мы-
салы: биреў ҳәмме нәрсени жеўге
болады деп исенеди. Ал исеними
ҳәлсиз болған тек палыз өнимле-
рин ғана жейди. 3 Ҳәмме нәрсени
жейтуғын адам жемейтуғын адам-
ды пәс көрмесин. Айырым нәрсе-
лерди жемейтуғын адам жейтуғын
адамды ҳүким етпесин. Өйтке-
ни Қудай екеўин де қабыл еткен.
4 Басқаның хызметшисин ҳүким
ететуғындай, сен кимсең? Хызмет-
ши өз хожайынының алдында ту-
рады ямаса жығылады. Ол аяққа
турғызылады. Себеби оны аяққа

---

[a] **13:9** Шығ 20:13-15, 17; Нзм 5:17-19, 29.
[b] **13:9** Леб 19:18.

турғызыўға Ийемиздиң қудирети
жетеди.

5 Және де, биреў бир күнди басқа
күннен әҳмийетлирек деп санай-
ды, ал басқа биреў ушын ҳәмме күн
бирдей. Ҳәр бир адам өз көз қара-
сында толық исенимге ийе болсын.
6 Күнлерди айрықша қылып бел-
гилейтуғын оларды Ийемиз ушын
белгилейди*. Ал ҳәмме нәрсени
жейтуғын адам Қудайға шүкирлик
етип, оларды Ийемиз ушын жейди.
Айырым нәрселерди жемейтуғын
адам да Ийемиз ушын жемейди ҳәм
Қудайға шүкирлик етеди.

7 Өйткени ҳеш биримиз тек өзи-
миз ушын жасамаймыз ҳәм ҳеш
биримиз де тек өзимиз ушын өл-
меймиз. 8 Жасасақ, Ийемиз ушын
жасаймыз. Өлсек те, Ийемиз ушын
өлемиз. Солай етип, жасасақ та, өл-
сек те Ийемизге тийислимиз. 9 Усы
мақсетте Масийх өлип, өлимнен
қайта тирилди. Сонлықтан Ол өли-
лердиң де, тирилердиң де Ийеси
болды.

10 Олай болса, сен неге туўысқа-
нызды ҳүким етесең? Неге туўыс-
қаныңды пәс көресең? Ҳәммемиз де
Қудайдың* ҳүким гүрсиси алдын-
да жуўап беремиз. 11 Мухаддес Жа-
зыўда Жаратқан Ийе былай дейди:

«Тирилигим ҳақы ант ишемен:
Ҳәр бир адам Мениң алдымда
дизе бүгеди.
Ҳәр бир тил Мениң Қудай
екенимди ашық тән
алады».[a]

12 Солай етип, ҳәр бир адам өзи
ушын өзи Қудай алдында жуўап
береди.

## Туўысқаныңызды азғырыўға салмаңлар

13 Сонлықтан буннан былай,
бир-биримизди ҳүким етпейик.
Керисинше, туўысқаныңызды
азғырыўға салмаўға ҳәм оның
исенимине зыян келтирмеўге
тырысыңлар. 14 Ийемиз Ийсаға
тийисли бир адам сыпатында мы-
наны билемен ҳәм анық исенемен:
ҳеш бир нәрсе өзлигинен ҳарам
емес. Бирақ, бир нәрсени ҳарам
деп есаплаған адам ушын сол нәр-
се ҳарам болады. 15 Егер туўысқа-
ның сен жейтуғын нәрсе себепли
қапа болса, онда сен сүйиспен-
шилик пенен ис тутып атырған
жоқсаң. Жейтуғын нәрсең менен
оның исенимин набыт қылма! Се-
беби Масийх бул адам ушын да өл-
ген. 16 Сизлер жақсы деп есаплаған
нәрсеге сөз келмесин. 17 Өйткени
Қудайдың Патшалығы жейтуғын
ҳәм ишетуғын нәрселерден ибарат
емес, ал ҳақлық, тынышлық ҳәм
Мухаддес Руўх беретуғын қуўа-
ныштан ибарат. 18 Масийхқа усы
жол менен хызмет ететуғын адам
Қудайға унайды ҳәм ол адамлар-
дың мақтаўына ылайық.

19 Солай етип, өзлеримизди ты-
нышлық алып келетуғын ҳәм өз
ара руўхый күш беретуғын ислер-
ге бағышлайық. 20 Жейтуғын нәрсе
себепли, Қудайдың ислерин буз-
ба! Жейтуғын ҳәмме нәрсе ҳадал.
Бирақ, жейтуғын нәрсеси арқалы
басқа адамды азғырыўға салған
жаман ис қылған болады. 21 Гөш
жеўиң, шарап ишиўиң ямаса басқа

[a] **14:11** Ийш 45:23; 49:18.

бир нәрсе ислеўиң туўысқаныңды
азғырыўға салатуғын болса, онда
бундай ислерди ислемегениң ду-
рыс. 22 Булар бойынша исенимиң-
ди өзиң менен Қудайдың арасында
сақла. Өзи дурыс деп есаплайтуғын
исти ислегени ушын, өзин айып-
ламайтуғын адам қандай бахыт-
лы! 23 Бирақ, екиленип жейтуғын
адам ҳүким етиледи. Себеби ол бу-
ны исеним менен ислемеген бола-
ды. Ал исеним менен исленбеген
ҳәр бир ис – гүна. *

## Исениўшилер арасындағы қатнасықлар ҳаққында

15 1 Исеними күшли болған
бизлер тек өзимиздиң мә-
пимизди ойламай, исеними ҳәлсиз
болғанлардың ҳәлсизликлерин кө-
терисиўге парызлымыз. 2 Ҳәр бири-
миз жанымыздағы адамға руўхый
күш бериў ушын, ол ушын жақсы
болған нәрсени гөзлеп, оның мә-
пин ойлайық. 3 Өйткени Масийх та
Өзиниң мәпин ойламады. Мухад-
дес Жазыўда айтылғандай: «Саған
тил тийгизгенлердиң жаман сөзле-
ри Маған тийди».[a] 4 Бурын Мухад-
дес Жазыўларда айтылғанлардың
ҳәммеси де бизлерге тәлим бериў
ушын жазылған. Солай етип, биз-
лер олар арқалы сабырлылық ҳәм
жубаныш таўып, үмит пенен жасай
аламыз. 5 Сабырлылық ҳәм жуба-
ныштың тийкары болған Қудай-
дың Өзи сизлердиң Масийх Ийса-
дан өрнек алып, аўызбиршилик
пенен жасаўыңызға жәрдем етсин.
6 Солай етип, сизлер Ийемиз Ийса
Масийхтың Әкеси болған Қудайды
биргеликте ҳәм бир аўыздан ал-
ғыслайсызлар.

## Басқа миллетлер ушын Хош Хабар

7 Сонлықтан Қудайдың алғыс-
ланыўы ушын Масийх сизлерди
қабыл еткениндей, сизлер де бир-
бириңизди қабыл етиңлер. 8 Се-
беби мениң айтатуғыным мынаў:
Қудайдың яҳудийлердиң ата-ба-
баларына берген ўәдесин әмелге
асырып, Оның садық екенин көр-
сетиў ушын, Масийх яҳудийлердиң
хызметшиси болды. 9 Масийх бу-
ны басқа миллетлердиң де Қудай-
дың мийрим-шәпәәтине ерисип,
Қудайды алғыслаўы ушын исле-
ди. Себеби Мухаддес Жазыўда:
«Сени басқа миллетлер арасын-
да алғыслайман ҳәм Сениң атың-
ды жырлайман»,[b] – деп айтылған.
10 Мухаддес Жазыўда және де:
«Ҳәй, басқа миллетлер,
Қудайдың халқы менен
бирге шадланыңлар!»[c] –
делинген.
11 Тағы да былай делинген:
«Барлық миллетлер, Жаратқан
Ийеге алғыс-мақтаўлар
айтың!
Барлық халықлар, Оны
мақтаң!»[d]
12 Ийшая пайғамбар да былай дей-
ди:

---

a **15:3** Заб 68:10.
b **15:9** Заб 17:50; 2Пат 22:50.
c **15:10** Нзм 32:43.
d **15:11** Заб 116:1.

«Ишайдан[a] өсип шыққан тамыр
келип,
Басқа миллетлерди басқарады.
Олар Оннан үмит етип
жасайды».[b]

**13** Үмиттиң тийкары болған
Қудай Мухаддес Руўхтың күши
менен үмитке толып тасыўыңыз
ушын, кеўиллериңизди исеними-
ңиз арқалы қуўаныш ҳәм тыныш-
лыққа толтырсын.

### Павелдиң елшилик хызмети

**14** Туўысқанларым, ал енди сиз-
лерге келсек, сизлердиң жақсылық-
қа толы ҳәм ҳәр түрли билимге бай
екениңизге, әсиресе бир-бириңизге
ақыл-нәсият бере алатуғыныңызға
толық исенемен. **15** Бирақ, Қудай-
дың маған берген мийрими менен
сизлерге еслетип қойыў ушын, бул
хаттың айырым жерлерин батыл-
лық пенен жаздым. **16** Мен Қудай-
дың усы мийрими менен, басқа
миллетлер ушын Масийх Ийсаның
хызметшиси болдым. Басқа мил-
летлер Мухаддес Руўх пенен мухад-
дес қылынып, Қудайға унайтуғын
сый болыўы ушын, мен Қудайдың
Хош Хабарын бир руўханий сыпа-
тында жәриялап атырман.

**17** Сонлықтан мен Масийх Ийса-
ға тийисли болып, Қудайға деген
хызметим менен мақтана ала-
ман. **18** Масийх мениң менен бир-
ге болып, басқа миллетлердиң
Қудайға бойсыныўы ушын, сөз-
лерим ҳәм ис-ҳәрекетлерим арқалы
ислегенлеринен басқа ҳеш нәрсе
ҳаққында айтыўға батылым жет-
пейди. **19** Бул ислер кәраматлы
белгилердиң ҳәм таң қаларлық
нәрселердиң күши менен, және
де Мухаддес Руўхтың қүдирети
менен исленди. Солай етип, мен
Ерусалимнен баслап Иллирик үл-
кесине[c] дейин аралап, Масийхтың
Хош Хабарын ҳәмме жерге жәрия-
ладым. **20** Басқа бир адамның сал-
ған тырнақ тасының үстине имарат
қурмайын деп, мен Хош Хабарды
Масийхтың атын еле еситпеген
жерлерде жәриялаўға тырыстым.
**21** Мухаддес Жазыўда айтылғандай:

«Оннан хабарсыз болғанлар
көреди,
Еситпегенлер түсинеди».[d]

### Павелдиң Римге барыўға қарар етиўи

**22** Мине, усы себеп жаныңызға
барыўыма маған көп мәртебе ир-
киниш жасады.

**23** Енди болса, бул жерлерде мен
ислейтуғын ҳеш нәрсе қалмады.
Және де, мен қанша жыллардан
бери сизлерге барыўды арзыў ет-
кеним себепли, **24** Испанияға қарай
жолға шықсам, сизлерге бармақ-
шыман. Өтип баратырғанымда ал-
ды менен сизлерди көрип, бираз
дийдарыңызға тойғанымнан соң,
маған жәрдем етип, сол жаққа шы-
ғарып саласыз, деген үмиттемен.
**25** Ал ҳәзир болса, мен Ерусалимге
барып, сол жердеги мухаддеслерге

---

[a] **15:12** *Ишай* – Даўыттың әкеси.
[b] **15:12** Ийш 11:10.
[c] **15:19** *Иллирик үлкеси* – Адрия теңизиниң жағасындағы үлке.
[d] **15:21** Ийш 52:15.

жәрдем бермекшимен. 26 Өйткени
Македония менен Ахаядағы мухад-
деслер Ерусалимдеги мухаддеслер
арасындағы мүтәжликте жасай-
туғынлар ушын ақшалай жәрдем
етиўди мақул көрди. 27 Аўа, мақул
көрди. Олар ҳақыйқаттан да, Еруса-
лимдеги исениўшилер алдында қа-
рыздар. Себеби өзлери Хош Хабар
арқалы алған руўхый жарылқаў-
ларды яҳудий исениўшилери басқа
миллетлер менен бөлисkенлик-
тен, басқа миллет исениўшилери
де оларға ақшалай жәрдем берип,
хызмет етиўге парызлы. 28 Солай
етип, жыйналған қәрежетти оларға
жеткизип, усы исти орынлағаным-
нан соң, жол-жөнекей сизлер менен
дийдар көрисип, Испанияға кете-
мен. 29 Жаныңызға барғанымда,
сизлерге Масийхтың толық жарыл-
қаўын апаратуғынымды билемен.
30 Туўысқанларым, Ийемиз Ийса
Масийхтың аты менен ҳәм Мухад-
дес Руўхтың сүйиспеншилиги ме-
нен сизлерге жалбарынаман: мениң
менен бирге Қудайға дуўа етип,
мен ушын бар жигериңиз бенен со-
раңлар. 31 Яҳудиядағы исенбейту-
ғын адамлардан қутылыўым ушын
ҳәм Ерусалимдеги хызметимди сол
жердеги мухаддеслер қуўаныш пе-
нен қабыл алыўы ушын дуўа етиң-
лер. 32 Және де, Қудай қәлесе, мен
сизлердиң жаныңызға қуўаныш
пенен барып, сизлер менен бир-
ге кеўлимди хошлаўым ушын да
сораңлар. 33 Тынышлық бериўши
Қудайдың Өзи ҳәммеңизге яр бол-
сын! Аўмийин.

### Арнаўлы сәлемлер

16 1 Кенхреядағы исениўшилер
жәмәәтиниң хызметшиси
болған Фиба апамызды сизлерге
тапсыраман. 2 Оны мухаддеслер-
ге минәсип түрде, Ийемиздиң аты
менен қабыл қылыңлар. Және де,
оның қандай мүтәжлиги болса да,
жәрдем етиңлер. Өйткени ол да көп
адамларға, соның ишинде маған
жәрдемши болды.
3 Мениң менен бирге Масийх
Ийсаға хызмет етиўши Прискил-
ла ҳәм Акилаға сәлем айтыңлар.
4 Олар мениң жаным ушын өз өми-
рин қәўип астына қойды. Бунның
ушын тек мен емес, ал басқа мил-
летлердиң ҳәмме исениўши жә-
мәәтлери де оларға миннетдар.
5 Олардың үйиндеги исениўши-
лер жәмәәтине де сәлем айтыңлар.
Азия үлкесинен[a] биринши болып
Ийсаға исенген сүйикли туўыс-
қаным Эпенетусқа сәлем айтың-
лар. 6 Сизлер ушын* көп мийнет
еткен Мәриямға сәлем айтыңлар.
7 Масийхтың елшилери арасында
абырайлы болған, меннен бурын
Масийхқа исенген миллетлесле-
рим ҳәм қамақта бирге болған дос-
ларым Андроник пенен Юнияға
сәлем айтыңлар.
8 Ийемизге тийисли болған сү-
йикли туўысқаным Амплиятусқа
сәлем айтыңлар. 9 Бизлер менен
бирге Масийхқа хызмет ететуғын
Урбанусқа ҳәм сүйикли туўыс-
қаным Стахияға сәлем айтың-
лар. 10 Сынақтан өтип, Масийхқа

---

a **16:5** *Азия үлкеси* – ҳәзирги Туркия елиниң қубла-батыс бөлегинде болған бир үлке.

ылайықлы деп табылған Апел-
лисқа сәлем айтыңлар. Аристо-
булдың үй-ишине сәлем айтыңлар.
11 Миллетлесим Ҳиродионға сәлем
айтыңлар. Наркистиң үй-ишинде-
ги Ийемизге тийисли болғанлар-
ға сәлем айтыңлар. 12 Ийемиздиң
хызметинде мийнет етип атыр-
ған ҳаяллар: Трифен ҳәм Трифосқа
сәлем айтыңлар. Ийемизге хыз-
мет етиў жолында көп мийнет ет-
кен ҳаял – сүйикли туўысқаным
Персиске сәлем айтыңлар. 13 Ийе-
миз тәрепинен таңлап алынған
Руфусқа ҳәм мен ушын анамдай
болған оның анасына сәлем ай-
тыңлар. 14 Асинкрит, Флегон, Ҳер-
мес, Патробас, Ҳермас ҳәм олардың
жанындағы туўысқанларға сәлем
айтыңлар. 15 Филологус ҳәм Юлия-
ға, Нирей ҳәм оның қарындасына,
Олимпасқа ҳәм олардың жанын-
дағы барлық мухаддеслерге сә-
лем айтыңлар. 16 Бир-бириңизди
мухаддес поса менен сүйип, сә-
лемлесиңлер. Масийхқа тийисли
болған ҳәмме жәмәәтлер сизлерге
сәлем айтып атыр.

17 Туўысқанларым, сизлерге
жалбарынаман, өзлериңизге үй-
ретилген тәлиматқа қарсы шығып,
алаўызлық ҳәм азғырыў алып ке-
летуғын адамлардан сақ болып,
олардан аўлақ жүриңлер. 18 Себеби
бундай адамлар Ийемиз Масийх-
қа емес, ал өз қарынларына хыз-
мет етеди. Олар сада адамларды
майлы тил ҳәм жағымпазлық пе-
нен алдайды. 19 Сизлердиң Қудайға
бойсынып жасайтуғыныңыз ҳәм-
меге мәлим болды. Мен сол себеп-
тен қуўанышлыман ҳәм сизлердиң
жақсылық ислеўде дана болыўы-
ңызды, ал жаманлық ислеўде сада
болыўыңызды қәлеймен. 20 Ты-
нышлық бериўши Қудайдың Өзи
жақын арада шайтанды аяқлары-
ңыздың астында езип таслайды.
Ийемиз Ийсаның мийрими сиз-
лерге яр болсын!

21 Мениң менен бирге хызмет
етиўши Тимофей, миллетлесле-
рим Лукий, Ясон ҳәм Сосипатер
сизлерге сәлем айтып атыр.

22 Бул хатты Павелдиң аўзынан
жазып отырған мен, Тертий де, исе-
ниўши туўысқаныңыз сыпатында
сизлерге сәлем жоллайман.

23 Мен ушын ҳәм пүткил исениў-
шилер жәмәәти ушын өз үйинен
орын берген Гаюс сизлерге сәлем
айтып атыр. Және де, қала қаз-
нашысы Эрастус ҳәм туўысқаны-
мыз Куартус сизлерге сәлем айтып
атыр. [24 *]

## Павелдиң жуўмақлаўшы сөзлери

25 Мен жәриялап жүрген Ийса
Масийх ҳаққында Хош Хабар ар-
қалы, яғный Өзи әййемги ўақыт-
лардан бери қупыя тутқан сырын
ашыўы арқалы Қудай сизлердиң
исенимиңизди беккемлейтуғын
қүдиретке ийе. 26 Усы сыр пайғам-
барлардың Жазыўлары арқалы ҳә-
зир ашылып, мәңги жасайтуғын
Қудайдың буйрығы бойынша, бар-
лық миллетлерге мәлим етилди.
Бул барлық миллетлердиң Қудай-
ға исенип, Оған бойсынып жасаўы
ушын болды. 27 Жалғыз ҳәм дана
Қудайға Ийса Масийх арқалы мәң-
гиге даңқ болсын! Аўмийин.*

# Коринфлилерге жазылған биринши хат

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Бул хатты елши Павел Эфес қаласында болғанда, өзиниң үшинши сапарының ўақтында Коринф қаласындағы исениўши жәмәәтке жазған.

Коринф – Грецияның қубла тәрепинде жайласқан Ахая үлкесиниң бас қаласы болып, үлкен саўда-сатық орайы еди. Қала халқы грек философиясы менен қызығатуғын ҳәм даналықты жоқары баҳалайтуғын еди. Қалада бутларға салынған ибадатханалар бар еди. Олардың ишиндеги ең белгили болғаны, муҳаббат қудайы Афродитаға арнап салынған ибадатхана еди. Сол себептен қалада бузықшылық ҳәўиж алған еди.

Бул қаладағы исениўши жәмәәт Павел арқалы оның екинши сапарының ўақтында пайда болған еди. Қала турғынлары қандай жәмийетте жасаўына қарамастан, Павел айтқан Хош Хабарды еситкеннен соң Қудайға келип, ҳәр түрли руўхый сыйларға ийе болды.

Бирақ, Павел кеткеннен кейин олардың арасында бөлиниўлер, бузықшылықлар, тартыслар, бутқа шалынған қурбанлықтың гөшин жеў ҳәм өз ара даўлар сыяқлы көп машқалалар пайда болады. Сол себепли айырым жетекшилер Павелден ақыл-нәсият сорағанлықтан, Павел оларға бул хатты жазып жибереди. Павел хатында сол машқалаларды шешиў бойынша жол-жорықлар береди ҳәм машқалаларды Хош Хабарға тийкарланып, сүйиспеншилик пенен шешиў кереклигин айтады.

---

### Сәлемнама ҳәм Қудайға шүкирлик билдириў

**1** [1] Қудайдың қәлеўи менен Масийх
Ийсаның елшиси болыўға шақырылған мен, Павелден ҳәм туўысқанымыз Состенистен, [2] Коринф
қаласындағы Қудайдың жәмәәтине
сәлем! Бизлер бул хатты Ийемиз
Ийса Масийхтың атын ҳәмме жерде
айтып шақырыўшылардың ҳәммеси
менен бирге Масийх Ийса арқалы

мухаддес қылынған ҳәм мухаддеслер[a]
деп аталған сизлерге жазып атырмыз.
Ийса Масийх – олардың да, бизлер-
диң де Ийемиз. 3 Әкемиз Қудай ҳәм
Ийемиз Ийса Масийх сизлерге мий-
рим ҳәм тынышлық берсин!

4 Қудайдың Масийх Ийса арқалы
сизлерге берген мийрими себепли,
сизлер ушын Қудайыма бәрқулла
шүкирлик билдиремен. 5 Өйткени
сизлер Масийх пенен қатнас жа-
сағанлықтан, ҳәр тәреплеме бай
болдыңлар. Әсиресе Қудайдың сө-
зин айтыўда шешен ҳәм ҳәр қыйлы
билимге ийе болдыңлар. 6 Бизлер-
диң Масийх Ийса ҳаққында гүўа-
лығымыз сизлердиң өмириңизде
усылай тастыйықланды. 7 Солай
етип, сизлер ҳеш қандай руўхый
сыйдан[b] кемшилик көрмей, Ийе-
миз Ийса Масийхтың қайта кели-
ўин интизарлық пенен күтесизлер.
8 Ол келетуғын күни айыпсыз бо-
лыўыңыз ушын, Қудай сизлерди
ақырына дейин беккем қылады.
9 Сизлерди Өз Улы Ийемиз Ийса
Масийх пенен қатнаста болыўға
шақырған Қудай – садық.

### Коринф жәмәәтиндеги бөлиниўлер ҳаққында

10 Туўысқанларым! Ийемиз Ийса
Масийхтың аты менен ескертемен:
ҳәммеңиз аўызбиршиликли бо-
лыңлар. Араңызда бөлиниў бол-
май, бир ой ҳәм бир мақсет пенен
бирлесиңлер. 11 Себеби туўысқан-
ларым, Хлойстың үй-ишиндеги
адамлардан араңызда тартыслар бар
екенин билдим. 12 Мениң айтажағым
мынаў: сизлер: «Мен Павелге тийис-
лимен», «Мен Аполлосқа тийисли-
мен», «Мен Кифаға[c] тийислимен»
ямаса «Мен Масийхқа тийислимен»
деп айтып жүрген қусайсыз.

13 Масийх бөлинди ме? Сизлер
ушын атанақ ағашқа Павел шеге-
ленип пе еди? Сизлер Павелдиң аты
менен суўға шомылдырылған[d] ба
едиңиз? 14 Мен сизлердиң араңыз-
дан Криспус пенен Гаюстан басқа
ҳеш кимди суўға шомылдырмаға-
ным ушын Қудайға шүкирлик ете-
мен. 15 Сонлықтан ҳеш ким мениң
атым менен суўға шомылдырыл-
дым, деп айта алмайды. 16 Ырас,
мен тағы Степанның үйи ишинде-
гилерди де суўға шомылдырдым.
Булардан басқа және кимлерди суў-
ға шомылдырғанымды есиме түси-
ре алмайман. 17 Масийх мени суўға
шомылдырыў ушын емес, ал Хош
Хабарды жәриялаў ушын жибер-
ди. Масийхтың атанақ ағаштағы
өлими әҳмийетин жойтпаўы ушын,
мен Хош Хабарды шешенлик пенен
жәриялямадым.

### Масийх – Қудайдың қүдирети ҳәм даналығы

18 Масийхтың атанақ ағашы ҳақ-
қында сөзлер набыт болатуғынлар

---

[a] **1:2** *Мухаддеслер* – Ийсаға исениўшилер.
[b] **1:7** *Руўхый сый* – Өзине хызмет етиўи ушын, Қудайдың исениўшилерге беретуғын сыйы.
[c] **1:12** *Кифа* – яғный Петр.
[d] **1:13** *Суўға шомылдырыў* – грек тилинде «баптизо». Бул рәсим адамлардың Қудайдың алдында тәўбе етип, таза өмирди баслаўының нышаны.

ушын ақмақлық, бирақ қутқары-
латуғын бизлер ушын Қудайдың
қудирети. 19 Өйткени Мухаддес
Жазыўда Қудай былай деген:

«Даналардың даналығын жоқ
етемен,
Ақыллы адамлардың ақылын
босқа шығараман».[a]

20 Олай болса, дана адам қәне?
Алым қәне? Ҳәзирги заманның
ойшылы қәне? Қудай дүньяның
даналығын ақылсызлыққа айлан-
дырмады ма? 21 Себеби дүньяның
өз ақыл-даналығы менен Қудайды
билмеўи Қудайдың даналығы бо-
йынша болды. Сонлықтан Қудай
исенген адамларды бизлердиң
ақылсыз деп саналған ўазымыз
бенен қутқарыўды мақул көрди.
22 Яҳудийлер кәраматлы белгилер
көрсетиўимизди талап етеди, грек-
лер ўазымыздан даналық излей-
ди. 23 Бирақ бизлер атанақ ағашқа
шегеленген Масийх ҳаққында жә-
риялап атырмыз. Яҳудийлер ушын
бул тосқынлық болады, ал бас-
қа миллетлер ушын ақылсызлық
болып көринеди. 24 Қудай тәре-
пинен таңланғанлар ушын болса,
ол я яҳудий болсын, я грек бол-
сын, атанақ ағашқа шегеленген
усы Масийх – Қудайдың қудире-
ти ҳәм Оның даналығы. 25 Өйт-
кени Қудайдың «ақылсызлығы»
адамның даналығынан анағурлым
үстинирек, Қудайдың «ҳәлсизли-
ги» адамның күшинен анағурлым
қудиретлирек.

26 Туўысқанларым, Қудай тәре-
пинен шақырылған ўақтыңызда
ким болғаныңызды еске түсирип
көриңлер. Адамның көз қарасы
бойынша араңызда даналар да,
бийликке ийе адамлар да, ақсүйек
адамлар да көп емес еди. 27 Бирақ,
Қудай даналарды уятқа қалдырыў
ушын, дүнья ақылсыз деп сана-
ған адамларды, күшлилерди уятқа
қалдырыў ушын, дүнья ҳәлсиз деп
санаған адамларды таңлады. 28 Ол
және де, дүнья әҳмийетли деп са-
натанларды арзымас қылыў ушын,
дүнья шығысы төмен, пәс ҳәм әҳ-
мийетсиз деп санағанларды таңла-
ды. 29 Қудай буны Өзиниң алдында
ҳеш бир адам мақтанбаўы ушын ис-
леди. 30 Бирақ, сизлер өмириңиз-
диң тийкары болған Қудай себепли,
Масийх Ийса менен қарым-қатнас-
қа ийесиз. Масийх бизлер ушын
Қудайдың даналығы болып, биз-
лерди ақлап, мухаддес қылды ҳәм
гүналарымыз ушын төлем төлеп
қутқарды. 31 Солай етип, Мухаддес
Жазыўда айтылғандай: «Мақтана-
туғын адам Жаратқан Ийе менен
мақтансын».[b]

### Атанаққа шегеленген Масийх ҳаққында жәриялаў

2 1 Туўысқанларым, мен сизлерге
барып, Қудайдың сырын* жә-
риялағанымда, шешен сөзлер ямаса
артықмаш даналық қолланбадым.
2 Себеби араңызда болған ўақтым-
да, тек Ийса Масийхқа ҳәм Оның
атанақ ағашқа шегелениўине ғана
айрықша дыққат аўдарыўға қарар
еттим. 3 Мен сизлерге ҳәлсизлик ҳәм
қорқыныш пенен қалтырап бардым.

---

[a] **1:19** Ийш 29:14.
[b] **1:31** Ерм 9:23-24.

[4] Сөйлеген сөзим ҳәм айтқан ўа-
зым исендириўши даналыққа емес,
ал Мухаддес Руўхтың Өз қүдирети
менен көрсеткен дәлилине тийкар-
ланған еди. [5] Мениң бундағы мақ-
сетим – исенимиңиздиң адамның
ақылына емес, ал Қудайдың қүди-
ретине тийкарланыўы еди.

### Мухаддес Руўх беретуғын Қудайдың даналығы

[6] Деген менен, бизлер руўхый же-
тилискен адамлар арасында дана
сөзлер сөйлеймиз. Бирақ бул да-
налық усы дүньяның ҳәм оның
өткинши ҳүкимдарларының да-
налығы емес. [7] Бизлер Қудайдың
жасырын ҳәм сырлы болған дана-
лығы ҳаққында сөз етип атырмыз.
Қудай дүньяны жаратпастан бурын
оны бизлердиң даңққа ерисиўимиз
ушын арнап қойған еди. [8] Бул дана-
лықты усы дүньядағы ҳүкимдар-
лардың ҳеш бири түсинбеди. Егер
түсингенде, уллы Ийемизди ата-
нақ ағашқа шегелемеген болар еди.
[9] Мухаддес Жазыўда айтылғандай:

«Көз көрип, қулақ еситпеген,
Адамның ойына кирип те
шықпаған нәрселерди,
Қудай Өзин сүйетуғынлар
ушын таярлап қойыпты».[a]

[10] Бирақ, Қудай буны бизлерге
Өзиниң Мухаддес Руўхы арқалы
ашып берди. Өйткени Мухаддес
Руўх ҳәмме нәрсени, ҳәтте, Қудай-
дың терең ой-пикирлерин де би-
леди. [11] Адамның ойларын оның
ишиндеги руўхтан басқа ким би-
ле алады? Сол сыяқлы, Қудайдың
ой-пикирлерин де Оның Мухад-
дес Руўхынан басқа ҳеш ким биле
алмайды. [12] Қудайдың бизлерге
берген мийримли сыйларын би-
лиўимиз ушын, бизлер бул дүнья-
ның руўхын емес, ал Қудайдың
Руўхын қабыл еткенбиз. [13] Биз-
лер бул сыйлар ҳаққында адамның
ақылы үйреткен сөзлер менен емес,
ал Мухаддес Руўх үйреткен сөзлер
менен сөйлеймиз. Яғный, руўхый
нәрселерди руўхый сөзлер менен
түсиндиремиз.
[14] Өз тәбияты бойынша жасайту-
ғын адам Қудайдың Руўхы бере-
туғын нәрселерди қабыл етпейди.
Себеби ол буларды ақмақлық
деп санайды. Оларды тек Мухад-
дес Руўхтың жәрдеминде түсиниў
керек болғанлықтан, ол түсине
алмайды. [15] Мухаддес Руўхқа бой-
сынатуғын адам Мухаддес Руўх тә-
репинен берилген ҳәмме нәрсени
түсине алады, бирақ оны Мухаддес
Руўхқа бойсынбайтуғын адамлар
түсине алмайды.

[16] «Жаратқан Ийениң ой-
пикирлерин ким биле
алады?
Ким Оған мәсләҳәтши болған?[b]

Бирақ, бизлер Масийхтың ақыл-
ойына ийемиз.

### Қудайдың хызметкерлери ҳаққында

**3** [1] Туўысқанларым! Мен сизлер-
ге Мухаддес Руўхқа бойсына-
туғынларға сөйлегендей сөйлей
алмадым. Мен сизлерге гүнакар тә-
биятқа бойсынатуғынларға, яғный

---

[a] **2:9** Ийш 64:4.
[b] **2:16** Ийш 40:13.

Масийх пенен болған қатнаста еле
гөдеклик дәрежесинде болғанларға
сөйлегендей сөйледим. 2 Мен сизлер-
ге күшли аўқат емес, ал сүт бердим.
Өйткени сизлер еле күшли аўқатты
жеўге әззилик қылатуғын едиңлер.
Ҳәтте, ҳәзир де оны жеўге әззилик
қыласызлар. 3 Себеби сизлер еле де
гүнакар тәбиятыңызға бойсынасыз-
лар. Араңызда қызғаншақлық ҳәм
тартыслардың болғаны, сизлердиң
гүнакар тәбиятыңызға бойсынып,
исенбейтуғын адамлар сыяқлы жа-
сап атырғаныңызды көрсетпей ме?
4 Бириңиз: «Мен Павелге тийисли-
мен», басқа бириңиз: «Мен Апол-
лосқа тийислимен» десеңиз, сизлер
исенбейтуғын адамлар сыяқлы бо-
лып қалмайсызлар ма?

5 Олай болса, Аполлос ким? Па-
вел ким? Аполлос ҳәм мен – сизлер-
диң тек исенимге келиўиңиз ушын
қойылған Қудайдың хызметкерле-
римиз ғана. Ийемиз ҳәр биримизге
хызмет тапсырған. 6 Туқымды мен
ектим, Аполлос суўғарды. Бирақ,
егинди Қудай өсирди. 7 Солай етип,
еккен адам да, суўғарған адам да
әҳмийетли емес, ал егинди өсир-
ген Қудай әҳмийетли. 8 Еккен адам
менен суўғарған адамның мақсети
бир. Олардың ҳәр бири өз мийне-
тиниң ҳақысын алады. 9 Бизлер
Қудай менен бирге мийнет етемиз.
Ал сизлер – Қудайдың атызы ҳәм
иматарысызлар.

10 Қудайдың өзиме берген мий-
рими менен, мен уста қурыўшы сы-
яқлы тийкар салдым. Басқалары
усы тийкардың үстине имарат сал-
мақта. Бирақ, ҳәр бир адам қалай
салып атырғанына дыққат аўдар-
сын. 11 Өйткени ҳеш бир адам са-
лынған тийкардан басқа, яғный
Ийса Масийхтан басқа бир тийкар
сала алмайды. 12 Усы тийкардың үс-
тине адамлар алтыннан, гүмистен,
ҳасыл таслардан, ағаштан, қамыс-
тан ямаса сабаннан имарат салады.
13 Деген менен, ҳәр бир адамның
ислеген иси ақырзаманда ашылып,
отта белгили болады. Себеби ҳәр
бир адамның исиниң қандай екен-
лигин от сынап береди. 14 Кимниң
салғаны отқа шыдаса, ол сыйлық
алады. 15 Ал шыдамай жанып кетсе,
зыян көреди. Оның өзи қутылады,
бирақ оттың ишинен қашқандай
болып қутылады.

16 Өзлериңиздиң Қудайдың
ибадатханасы екениңизди ҳәм
Қудайдың Руўхы ишиңизде жа-
сап атырғанын сизлер ҳақыйқаттан
да билмейсизлер ме? 17 Егер ким
де ким Қудайдың ибадатханасын
бузса, оны Қудай урады. Өйткени
Қудайдың ибадатханасы – мухад-
дес ҳәм сол ибадатхана сизлерсиз.

18 Ҳеш бир адам өзин өзи алда-
масын. Егер араңыздағы бириңиз
өзин бул дүньяның көз қарасы
бойынша данаман деп есапласа,
Қудай нәзеринде дана болыў ушын,
бул дүньяның көз қарасы бойын-
ша «ақылсыз» болсын. 19 Себеби
бул дүньяның даналығы Қудай
нәзеринде ақылсызлық болады.
Мухаддес Жазыўда айтылған-
дай: «Ол даналарды өзлериниң
мәккарлығы арқалы қолға түси-
реди».[а] 20 Және де: «Даналардың
ой-пикирлериниң пуш екенлигин

[а] **3:19** Аюп 5:13.

Жаратқан Ийе биледи»,[a] – деп жа-
зылған. 21 Сонлықтан ҳеш бир адам
адамлар менен мақтанбасын. Өйт-
кени ҳәммеси сизлерге тийисли:
22 Павел де, Аполлос та, Кифа да,
дүнья да, өмир ҳәм өлим де, ҳә-
зирги ҳәм келешек заман да, ҳәм-
меси сизлерге тийисли. 23 Сизлер
Масийхқа тийислисиз, ал Масийх
Қудайға тийисли.

### Масийхтың елшилериниң хызмети ҳаққында

4 1 Солай етип, адамлар Масийх-
тың елшилери болған бизлер-
ди Масийхтың хызметшилери ҳәм
Қудайдың сырларын аян етиўши
хызметкерлер деп есапласын. 2 Ал
хызметкерлерден талап етилетуғын
ең баслы нәрсе – садықлық. 3 Мени
сизлердиң ямаса басқа адамлардың
қалай ҳүким етиўи мен ушын әҳ-
мийетли емес. Ҳәтте, мен өзим де
өзимди ҳүким етпеймен. 4 Себеби
мениң ҳүжданым таза. Бирақ, мен
усы себептен ақланбайман. Мени
ҳүким ететуғын – Ийемиздиң Өзи.
5 Сонлықтан Ийемиз келиўге дейин,
белгиленген ўақыттан бурын ҳеш
қандай ҳүким етпеңлер. Ол қараң-
ғылықта жасырылған нәрселерди
жақтыға шығарып, адамлардың ке-
ўиллериндеги нийетлерин ашып көр-
сетеди. Сонда ҳәр бир адам Қудайдан
өзине ылайық мақтаў алады.

6 Туўысқанларым! Алдында ай-
тылғанларды түсиниўиңиз ушын,
мен өзимди ҳәм Аполлосты мы-
сал етип көрсеттим. Буны мен Му-
хаддес Жазыўда айтылғанлардан
шетке шығып кетпеўди бизлерден
үйрениўиңиз ушын ҳәм ҳеш қайсы-
сыңыз бир адамды екинши адам-
нан жоқары қойып, менменсип
кетпеўиңиз ушын иследим. 7 Ҳеш
ким сени басқалардан үстин қы-
лып қойған жоқ. Сениң Қудайдан
алмаған нәрсең бар ма? Қудайдан
ҳәммесин алған болсаң, Оннан ал-
мағандай болып мақтанғаның қа-
лай болғаны?

8 Сизлер енди керекли ҳәмме нәр-
семиз бар деп ойлайсызлар. Сиз-
лер байып кетипсизлер, бизлерсиз
патшалық етпектесизлер! Қәне ен-
ди, сизлер ҳақыйқаттан да, патша
болғаныңызда еди, бизлер де сиз-
лер менен бирге патшалық етер
едик! 9 Мениң ойымша, Қудай биз
елшилерди ең әҳмийетсиз адам-
лар қылып, ҳәмمениң көз алдына
шығарды. Бизлер өлимге ҳүким
етилген адамлар сыяқлы болғаны-
мыз себепли, периштелер ушын да,
адамлар ушын да, яғный пүткил
дүнья ушын бир тамаша болдық.
10 Бизлер Масийх ушын ақылсыз
болдық, бирақ сизлер Масийх пе-
нен қатнаста болып ақыллы бол-
дыңлар! Бизлер ҳәлсизбиз, бирақ
сизлер күшлисиз! Сизлер ҳүрмет-
ли адамларсыз, бирақ бизлер из-
зетсиз адамлармыз! 11 Бизлер усы
ўақытқа дейин ашлыққа ҳәм шөлге
шыдап келемиз, жалаңашпыз, та-
яқ жеймиз, үй-жайсыз сергиздан-
быз. 12 Өз қолларымыз бенен аўыр
мийнет ислеймиз. Бизлерге жаман
сөз айтқанларға жақсы тилек ти-
леймиз. Қуўдалансақ, шыдаймыз.
13 Кеўлимизге тийгенде, мүләйим-
лилик пенен жуўап беремиз. Усы

---

a **3:20** Заб 93:11.

ўақытқа дейин дүньяның сыпы-
рындысы, пүткил адамзаттың тас-
ландысы болдық.
14 Буларды сизлерди уялтыў ушын
емес, ал сүйикли балаларым болған
сизлерди ақылландырыў ушын жа-
зып атырман. 15 Өйткени Масийхтың
жолын үйрететуғын мың-мыңлаған
устазыңыз бар болса да, әкеңиз би-
реў. Масийх Ийса менен қатнаста
болыўыңыз ушын, сизлерге Хош
Хабарды жәриялаўым арқалы мен
сизлердиң әкеңиз болдым. 16 Сол
себептен сизлерден өтиниш етемен:
меннен өрнек алыңлар*. 17 Ийемиз-
ге садық болған сүйикли балам Ти-
мофейди усы мақсет пенен сизлерге
жибердим. Ҳәмме жерде, исениўши-
лердиң ҳәр бир жәмәәтинде берген
тәлимиме сай болған, мениң Масийх
пенен бирге басып өткен жолым-
ды ол сизлердиң есиңизге түсиреди.
18 Мени келмейди деп, араңыз-
дағы базыларыңыз менменсип
кетипти. 19 Бирақ, Ийемиз қәле-
се, жақын арада сизлерге бараман.
Сонда менменсип кеткен сол адам-
лардың тек сөзлерин емес, ал олар-
да Қудайдың күши бар ма я жоқ па,
соны да сынап көремен. 20 Себе-
би Қудайдың Патшалығы сөзден
емес, ал Қудайдың күшинен иба-
рат. 21 Сизлер нени қәлейсизлер?
Сизлерге таяқ пенен барайын ба
ямаса сүйиспеншилик ҳәм мүлә-
йимлилик пенен бе?

### Бузықшылық ислегенге шара көриў ҳаққында

5 1 Сизлердиң араңызда бузық-
шылық исленип атырғаны ҳақ-
қында анық хабарлар бар. Ҳәтте,
Қудайға исенбейтуғынлар арасында
да ушыраспайтуғын бузықшылық
исленипти: араңыздағы бириңиз
әкесиниң ҳаялы, яғный өгей анасы
менен жасайтуғын қусайды. 2 Усы-
лай болса да, сизлер менменликке
берилип кетипсизлер. Бунның орны-
на қайғырып, усындай ис қылғанды
араңыздан қуўып шығарыўыңыз
керек емес пе еди?
3-4 Мениң өзим араңызда бол-
масам да, руўхым сизлер менен
бирге. Сонлықтан өзим араңыз-
да болғандай, усындай исти исле-
генди Ийемиз Ийсаның аты менен
әлле қашан ҳүким қылдым. Сиз-
лер жыйналғаныңызда, Ийемиз
Ийсаның қүдирети менен мениң
руўхым да сизлер менен бирге бо-
лады. 5 Сонда бул адамның гүнакар
тәбияты набыт болып, руўхы Ийе-
миздиң күни қутқарылыўы ушын
оны жәмәәттен қуўып шығарып,
шайтанға тапсырың.
6 Сизлердиң мақтанғаныңыз ду-
рыс емес. Азғантай ашытқы пүткил
қамырды ашытатуғынын билмей-
сизлер ме? 7 Сонлықтан сизлер ески
ашытқыдан тазаланып, жаңа қа-
мыр болыңлар. Сизлер негизинде
ашытқысыз қамырсызлар. Өйт-
кени Масийх, яғный Қутқарылыў
байрамына[a] арналған Қозымыз ша-
лынды. 8 Сонлықтан ески ашытқы
менен, яғный жаўызлық ҳәм жа-
манлық пенен емес, ал пәклик ҳәм
ҳақыйқатлық пенен, яғный ашыт-
қысыз нан менен байрамлайық.
9 Мен өз хатымда бузықшы-
лық ислейтуғынлар менен қатнас

---

a **5:7** *Қутқарылыў байрамы* – сөзликке қараң.

жасамаң, деп сизлерге жазған едим.
10 Деген менен, мен улыўма бул
дүньядағы бузық, нәпсиқаў, то-
наўшы ямаса бутпараз адамлар-
ды нәзерде тутқан жоқпан. Егер
олай болғанда, сизлер бул дүнья-
дан шығып кетиўге мәжбүр болар
единңлер! 11 Бирақ, өзин исениўши
туўысқанықызбан деп атап турып,
бузық, нәпсиқаў, бутпараз, жалахор,
мәскүнем ямаса тонаўшы болған
адам менен қатнас жасамаўыңыз-
ды, ҳәтте, сондай адам менен бир-
ге аўқат та жемеўиңизди жазған
едим. 12 Исениўшилер жәмәәти-
ниң сыртындағы адамларды ҳү-
ким қылыў мениң жумысым емес.
Сизлер исениўшилер жәмәәтиниң
ишиндеги адамларды ҳүким қылы-
ўыңыз керек. 13 Ал исениўшилер
жәмәәтиниң сыртындағы адамлар-
ды Қудайдың Өзи ҳүким қылады.
Мухаддес Жазыўда айтылғандай:
«Жаман адамды араңыздан қуўып
шығарыңлар».[а]

### Исениўши адамлар арасындағы даўлар ҳаққында

6 1 Араңыздағы бириңиздиң би-
реўге даўы болса, мухаддеслер
алдында емес, ал қазыханадағы
исенбейтуғын адамлар алдында
даўласыўға қалай батылы барады?
2 Келешекте мухаддеслердиң дүнья-
ны ҳүким ететуғынын билмейсизлер
ме? Егер сизлер дүньяны ҳүким ете-
туғын болсаңыз, кишкене даўларды
шешиў қолыңыздан келмегени ме?
3 Бизлер, ҳәтте, периштелерди де
ҳүким етемиз. Солай екен, турмыс
ислери не болыпты? 4 Солай болса
да, турмыс ислерине байланыслы
даўлар пайда болғанда, сизлер исе-
ниўшилер жәмәәтинде ҳеш қандай
әҳмийетке ийе болмаған қазыха-
надағы исенбейтуғын адамларды
төреши қыласызлар ма? 5 Буларды
сизлерди уялтыў ушын айтып атыр-
ман. Исениўши туўысқанларының
арасындағы даўларды шешетуғын
араңызда бирде бир ақыллы адам
жоқ болғаны ма? 6 Бирақ туўысқан
туўысқанға қарсы даўласады, оның
үстине исенбейтуғынлар алдында
даўласады!
7 Негизинде, бир-бириңизге қар-
сы даўыңыздың болыўының өзи
сизлер ушын қатты уят нәрсе. Он-
нан гөре, наҳақлыққа шыдаға-
ныңыз жақсырақ болмас па еди?
Тоналғаныңыз жақсырақ болмас
па еди? 8 Сизлер оның орнына өз-
лериңиз наҳақлық ислеп, биреўди
тонап атырсыз. Ол да болса, өзи-
ңиздиң туўысқаныңыз.
9 Наҳақлардың Қудайдың Патша-
лығын мийрас етип алмайтуғынын
билмейсизлер ме? Алданбаңлар!
Бузықшылық ислеўшилер, бутпа-
разлар, неке ҳадаллығын бузыўшы-
лар, еркек пенен жынысый қатнас
жасайтуғын еркеклер, 10 урылар,
нәпсиқаўлар, мәскүнемлер, жала-
хорлар ҳәм тонаўшылар Қудайдың
Патшалығын мийрас етип алмай-
ды. 11 Араңыздағы айырымлары-
ңыз усындай адамлар еди. Бирақ,
сизлер Ийемиз Ийса Масийхтың
аты менен ҳәм Қудайымыздың Руў-
хы менен тазаландыңыз, мухаддес
болдыңыз ҳәм ақландыңыз.

---

а **5:13** Нзм 19:19; 21:21; 22:21, 24; 24:7.

### Бузықшылықтан аўлақ болыңлар!

12 Сизлер: «Не ислесем де ерк-
лимен» дейсизлер, бирақ ҳәмме
нәрсе де пайдалы емес. Дурыс,
«Мен не ислесем де ерклимен»,
бирақ ҳеш бир нәрсе де мени қул
қылмаўы керек. 13 «Аўқат қарын
ушын, ал қарын аўқат ушын жа-
ратылған», – дейсизлер. Деген ме-
нен, Қудай екеўин де жоқ қылады.
Бирақ, дене бузықшылық ушын
емес, ал Ийемиз ушын жаратыл-
ған. Ийемиз де денемизге ғамхор-
лық қылады. 14 Қудай Ийемизди
өлимнен тирилтти. Сол сыяқлы,
Ол бизлердиң денемизди де Өз
қүдирети менен тирилтеди. 15 Де-
нелериңиздиң Масийхтың мүше-
лери екенлигин билмейсизлер ме?
Масийхтың мүшелерин алып, бу-
зық ҳаялдың мүшелери қылыў-
ға бола ма? Ҳеш қашан! 16 Бузық
ҳаял менен қосылған адам оның
менен бир дене болатуғынын бил-
мейсизлер ме? Себеби Мухаддес
Жазыўда: «Екеўи бир дене бола-
ды», – делинген-ғо[a]. 17 Бирақ, Ийе-
миз бенен қосылған адам Оның
менен бир руўх болады.

18 Бузықшылықтан аўлақ болың-
лар! Адамның ислейтуғын басқа
барлық гүналары денесиниң сыр-
тында исленеди. Ал бузықшылық
ислеген адам өз денесине қарсы
гүна ислейди. 19 Денеңиздиң өз-
лериңиз Қудайдан алған ҳәм сиз-
лерде жасап атырған Мухаддес
Руўхтың ибадатханасы екенлигин
билмейсизлер ме? Сизлер өзиңизге
тийисли емессиз. 20 Өйткени Қудай
бийбаҳа төлем төлеп, сизлерди са-
тып алды. Сонлықтан да, өз дене-
ңиз* бенен Қудайды алғыслаңлар.

### Неке ҳаққында

7 1 Енди сизлер жазған нәрселерге
келсек: дурыс, еркектиң ҳаял-
ға жақынласпағаны жақсы. 2 Бирақ,
бузықшылыққа жол қоймаў ушын,
ҳәр бир ер адамның өз ҳаялы ҳәм
ҳәр бир ҳаялдың өз күйеўи болсын.
3 Ер адам өз ҳаялына деген, ҳаял да
өз күйеўине деген ерли-зайыплылық
ўазыйпасын орынласын. 4 Себеби
ҳаялдың денеси үстинен ҳаялдың
өзи емес, ал күйеўи бийлик етеди.
Сол сыяқлы, ер адамның денеси
үстинен де ер адамның өзи емес, ал
ҳаялы бийлик етеди. 5 Ерли-зайып-
лылық ўазыйпасын орынлаўда бир-
бириңизден бас тартпаңлар. Тек өз
ара келискеннен соң, өзлериңизди
дуўа етиўге толық бағышлаў ушын
ғана ўақытша бөлек болыңлар. Өзи-
ңизди тыя алмағаныңыздан шайтан
пайдаланып, сизлерди азғырмаўы
ушын кейин және бирге болыңлар.
6 Буны бир буйрық сыпатында емес,
ал рухсат сыпатында айтып атырман.
7 Барлық адамлардың мен сыяқлы
жалғыз жасаўын қәлеймен. Бирақ,
ҳәр бир адамның Қудайдан алған
сыйы бар: биреўлер хожалық бо-
лып некеде жасайды, екиншилер
некесиз жалғыз жасайды.

8 Ҳаялы қайтыс болған еркеклер-
ге ҳәм жесир ҳаялларға айтатуғы-
ным: мен сыяқлы жалғыз жасаса,
өзлери ушын жақсы болады. 9 Би-
рақ, өзлерин тыя алмайтуғын

---

[a] **6:16** Жар 2:24.

болса, үйленсин ямаса турмысқа шықсын. Өйткени жынысый қәлеўлер себепли күйип-жанғаннан гөре, үйленгени ямаса турмысқа шыққаны жақсырақ.

10 Ал некеде болғанларға мен мынаны буйыраман, анығырағы мен емес, Ийемиз солай буйырған: ҳаял адам күйеўи менен ажыраспасын[a]. 11 Егер ажырасса, я күйеўсиз қалсын, я өз күйеўи менен жарассын. Ер адам да ҳаялы менен ажыраспасын.

12 Ал қалғанларға Ийемиз емес, мен былай деймен: егер бир туўысқанымыздың ҳаялы исениўши болмаса, бирақ оның менен жасаўға ыразы болса, ол ҳаялы менен ажыраспасын. 13 Бир исениўши ҳаялдың да күйеўи исениўши болмаса, бирақ күйеўи оның менен жасаўға ыразы болса, ҳаял күйеўи менен ажыраспасын. 14 Себеби исенбейтуғын күйеў ҳаялы себепли, исенбейтуғын ҳаял да исениўши күйеўи себепли, Қудайдың панасында болады. Олай болмағанда, балаларыңыз қудайсыз болар еди, бирақ енди олар Қудайдың панасында.

15 Бирақ, егер исенбейтуғын адам ажырасқысы келсе, ажырасыўына болады. Бундай жағдайда ер ямаса ҳаял туўысқанымыз сол некеде қалыўға мәжбүр емес. Деген менен, Қудай сизлерди тынышлықта жасаўға шақырды. 16 Ҳәй ҳаял, сен арқалы күйеўиң де қутқарылыўы мүмкин екенлигин билесең-ғо. Ҳәй еркек, сен арқалы ҳаялың да қутқарылыўы мүмкин екенлигин билесең-ғо.

## Қудайдың шақырығы бойынша өмир сүриў

17 Ҳәр бир адам Ийемиздиң ол ушын белгилеген жағдайына бойсынып, Қудай оны қандай жағдайда шақырған болса, сондай болып қалсын. Буны барлық исениўши жәмәәтлерге буйыраман.
18 Егер ким де ким шақырылған ўақытта сүннетли болса, сүннетин жасырмасын. Ким де ким шақырылған ўақытта сүннетсиз болса, сүннет етилмесин. 19 Сүннетли болыў ямаса болмаў әҳмийетли емес. Ал әҳмийетлиси – Қудайдың буйрықларын орынлаў. 20 Ким қандай жағдайда шақырылған болса, сол жағдайда қалсын. 21 Қул болып шақырылдың ба? Қапа болма. Бирақ, азат болыўға мүмкиншилик туўылса, оннан пайдалан! 22 Ийемиз шақырған ўақытта қул болған адам енди Ийемизге тийисли азат адам болады. Сол сыяқлы, азат болып шақырылған адам да Масийхтың қулы болады. 23 Қудай бийбаҳа төлем төлеп, сизлерди сатып алды, сонлықтан адамлардың қулы болмаңлар. 24 Туўысқанларым, ким қандай жағдайда шақырылған болса, Қудай алдында сол жағдайда қалсын.

## Турмыс қурмағанлар ҳаққында

25 Енди қыз-жигитлерге келсек, Ийемизден оларға байланыслы буйрық алғаным жоқ. Бирақ, Ийемиздиң мийрим-шәпәәтин алған исенимли адам сыпатында мен

---

a **7:10** Мат 19:6; Мрк 10:12.

өз пикиримди айтаман. 26 Мениң
ойым бойынша, ҳәзирги қыйын-
шылықларға байланыслы, адам
сол ҳалында қала бергени жақсы.
27 Бир ҳаялға басың байланған ба?
Онда ажырасыўға умтылма. Ҳаял-
сызсаң ба? Онда өзиңе ҳаял изле-
ме. 28 Деген менен, егер үйленсең
де гүна ислемейсең. Егер қыз да
турмысқа шықса, гүна ислеген бол-
майды. Бирақ, турмыс қурғанлар
өмирде қыйыншылық көреди. Мен
сизлерди усы қыйыншылықлардан
сақлаўды қәлеймен. 29 Туўысқан-
ларым, сизлерге мынаны айтыўды
қәлеймен: ўақыт қысқа. Буннан бы-
лай, ҳаялы болғанлар ҳаялы жоқ-
тай болсын. 30 Жылап атырғанлар
жыламайтуғындай, қуўанып атыр-
ғанлар қуўанбайтуғындай, сатып
алып атырғанлар ийелик етпей-
туғындай, 31 дүньядағы затларды
пайдаланып атырғанлар пайдалан-
байтуғындай болсын. Өйткени бул
дүнья өткинши.

32 Мен сизлердиң ғам-тәшиўиш-
сиз болғаныңызды қәлеймен. Үй-
ленбеген еркек Ийемизге қалай
жағынсам екен деп, Ийемиздиң
ислери ҳаққында ойлайды. 33 Би-
рақ, үйленген еркек ҳаялыма қа-
лай жағынсам екен деп, дүньяның
ислери ҳаққында ойлайды. 34 Сол
себептен ол алағада болып жүре-
ди. Күйеўсиз ҳаял ямаса турмысқа
шықпаған қыз денеси менен ҳәм
руўхый жақтан мухаддес болыў
ушын, Ийемиздиң ислери ҳаққын-
да ойлайды. Бирақ, турмысқа шық-
қан ҳаял күйеўиме қалай жағынсам
екен деп, дүньяның ислери ҳаққын-
да ойлайды. 35 Мен буны мойны-
ңызға буғаў салыў ушын емес, ал
сизлердиң пайдаңыз ушын айтып
атырман. Сизлердиң ҳеш нәрсеге
алаң болмай, Ийемизге өзлери-
ңизди толық бағышлаўыңызды
ҳәм ылайықлы түрде жасаўыңыз-
ды қәлеймен.

36 Егер жигит ҳәўес отына шыдап,
өзине аталған қызына үйлениўден
өзин услайман, деп болып, үйле-
ниўди шешсе, онда ол үйленсин, бул
гүна емес. 37 Бирақ ол үйленбеўди
жүрегинде шешкен болса, бул мәсе-
леде мүтәжлиги болмай, өзине ер-
кинликти таңлап, қатаң шешимге
келген болса, онда жақсы ис қыл-
ған болады. 38 Солай етип, атасты-
рылған қызына үйленсе, жақсы ис
қылған болады. Үйленбесе, оннан
да жақсы ис қылған болады.

39 Ҳаял күйеўи тири ўақтында
басы байлаўлы болады. Күйеўи өл-
се, ҳаял қәлеген адамына турмыс-
қа шығыўға ерки бар. Тек ол адам
Ийемизге тийисли болсын. 40 Би-
рақ, ҳаял жесир болып қала берсе
бахытлырақ болады. Бул мениң
пикирим ҳәм менде де Қудайдың
Руўхы бар деп ойлайман.

### Бутларға берилген қурбанлықтың гөши ҳаққында

**8** 1 Енди бутларға берилген қур-
банлықтың гөшине тоқтайық.
Дурыс, ҳәммемиз де билимли
екенлигимизди билемиз. Деген ме-
нен, билим адамды менмен қы-
лады, ал сүйиспеншилик адамды
жигерлендиреди. 2 Адам бир нәр-
сени билемен деп ойласа, ол еле
билиўи керек нәрсени билмегени
болады. 3 Бирақ, Қудайды сүйген
адамды Қудай биледи.

⁴ Ал, бутларға берилген қурбан-
лық гөшин жеўге келсек, негизинде
буттың дүньяда ҳеш қандай әҳми-
йетке ийе емес екенин ҳәм тек ғана
жалғыз Қудай бар екенин билемиз.
⁵ Адамлардың ойы бойынша жер-
де де, аспанда да «қудай» деп ата-
латуғынлар бар. Олар шынында
да, көп «қудайлар» ҳәм «ийелер»
бар деп есаплайды. ⁶ Бирақ, биз-
лер ушын тек жалғыз ғана Қудай
Әкемиз бар. Ол ҳәмме нәрсениң
тийкары ҳәм бизлер Ол ушын жа-
сап атырмыз. Және де, бизлердиң
тек жалғыз ғана Ийемиз – Ийса
Масийх бар. Ҳәмме нәрсе Ол ар-
қалы жаратылған, бизлер де Ол
себепли жасап атырмыз.
⁷ Деген менен, исениўшилер-
диң ҳәммеси де усындай билимге
ийе емес. Олардың айырымла-
ры бул гөшти жегенде, өзлери-
ниң бурынғы бутпаразлық әдети
бойынша, елеге дейин оны бут-
қа берилген қурбанлықтың гөши
деп есаплайды. Сонлықтан олар-
дың ҳүжданы қыйналып, өзлерин
ипласландық деп ойлайды. ⁸ Аў-
қат бизлерди Қудайға жақынлас-
тырмайды, Жемесек те, ҳеш нәрсе
жойтпаймыз, жесек те, ҳеш нәрсе
арттырмаймыз. ⁹ Бирақ, абайлы бо-
лыңлар, бул азатлығыңыз исеними
ҳәлсизлердиң азғырылыўына себеп
болмасын. ¹⁰ Егер исеними ҳәлсиз
болған адам билимге ийе болған
сениң бутханада аўқат жеп отыр-
ғаныңды көрсе, онда да бутларға
берилген қурбанлықтың гөшин
жеўге қәлеў туўылмай ма? ¹¹ Со-
лай етип, сениң билимиң себепли,
бул исеними ҳәлсиз туўысқаның
набыт болады. Бирақ, Масийх ол
ушын да қурбан болған. ¹² Сизлер
усы тәризде туўысқанларыңызға
қарсы гүна ислеўиңиз арқалы ҳәм
олардың қыйналып атырған ҳүж-
данын азапқа түсириўиңиз арқа-
лы Масийхқа қарсы гүна ислеген
боласызлар. ¹³ Сонлықтан мениң
жеп атырған нәрсем туўысқаным-
ның азғырылыўына себеп бола-
туғын болса, мен туўысқанымды
азғырмаў ушын, ҳеш қашан гөш
жемеймен.

### Елшиниң ҳуқықлары

**9** ¹ Мен азат адам емеспен бе? Мен
елши емеспен бе? Мен Ийемиз
Ийсаны көрмедим бе? Мениң Ийе-
миз ушын ислеген мийнетимниң
жемиси сизлер емессиз бе? ² Мени
басқалар елши деп санамаса да, сиз-
лер мени елши деп санаўыңыз тийис!
Өйткени сизлер – мениң Ийемиздиң
елшиси екенлигимниң дәлилисизлер.
³ Мени сынға алып атырғанлар-
дан өзимди былай қорғайман: ⁴ сиз-
лерге қылған хызметимиз ушын,
сизлердиң есабыңыздан ишип-
жеўимизге ҳақымыз бар. ⁵ Бас-
қа елшилер сыяқлы, Ийемиздиң
туўысқанлары ҳәм Кифа сыяқлы,
бизлер де қасымызға исениўши ҳа-
ялымызды ертип жүриўге ҳақы-
мыз бар. ⁶ Басқа елшилер сыяқлы,
мен ҳәм Барнаба да күн көриў ушын
мийнет етпеў ҳуқықына ийемиз.
⁷ Ким өз есабынан әскерлик қыла-
ды? Ким бағ отырғызып, мийўесин
жемейди? Ким сүриўди бағып, сү-
риўдеги малдың сүтинен ишпейди?
⁸ Мен буларды тек адамлардың
пикири бойынша айтып атырған
жоқпан. Муўсаның Нызамында да
анық усылар ҳаққында айтылған

жоқ па? [9] Онда: «Түйек айдап атыр-
ған өгиздиң аўзын байлап қойманң-
лар»,[a] – деп жазылған-ғо. Қудай тек
өгизлерди қайғырады ма? [10] Қудай-
дың хызметкерлери болған бизлер
ушын айтып атырған жоқ па? Аўа,
әлбетте, бул бизлер ушын жазыл-
ған. Мысалы: жерди сүрген адам
да, түйек айдаған адам да өз үле-
син алыўдан үмит етип, мийнет
ислейди. [11] Араңызда руўхый ту-
қым егип, сизлерден дүньяға ти-
йисли затларды орып алғанымыз
орынсыз ба? [12] Басқалар сизлерден
усы затларды алыў ҳуқықына ийе
болса, бизлер олардан да көбирек
ҳуқыққа ийемиз. Бирақ, бизлер
усы ҳуқықымыздан пайдаланған
жоқпыз. Масийхтың Хош Хабары-
на тосқынлық жасамайық деп, биз-
лер ҳәмме нәрсеге шыдап атырмыз.
[13] Хабарыңыз бар, Ибадатханада
хызмет ететуғынлар Ибадатхана-
дан аўқат алып жейди. Сизлерге
мәлим, қурбанлық орын әтира-
пында хызмет ететуғынлар да қур-
бан етилген нәрселерден өз үлесин
алады. [14] Сол сыяқлы, Ийемиз де
Хош Хабарды жәриялаўшылар усы
хызмети арқалы күн көрсин деп
буйырған.

[15] Бирақ, мен бул ҳуқықларым-
ды ҳеш қашан қолланған емеспен.
Маған усындай қылынсын, деп те
жазып атырған жоқпан. Бундай
ислегенимнен гөре, өлгеним абза-
лырақ. Мени усы мақтанышымнан
айырыўға ҳеш кимге жол қоймай-
ман! [16] Деген менен, Хош Хабар-
ды жәриялап атырғаным себепли
мақтаныўға ҳақым жоқ. Себеби
бул – мениң миннетли ўазыйпам.
Хош Хабарды жәрияламасам, мен
ҳәсирет шегемен! [17] Егер мен Хош
Хабарды өз ықтыярым менен жә-
риялап атырған болсам, онда мий-
нетимниң ҳақысын аламан. Бирақ
егер мен оны өз ықтыярым менен
емес, ал исенип тапсырылған мин-
нетли ўазыйпам сыпатында орын-
лап атырған болсам, [18] онда мениң
мийнет ҳақым қандай болады? Хош
Хабарды жәриялағанымда ҳуқық-
ларымнан пайдаланбай, оны еше-
йин жәриялаўым – мениң мийнет
ҳақым болады.

[19] Мен азат адамман, ҳеш кимниң
қулы емеспен. Бирақ, көп адамлар-
ды Масийхқа алып келиў ушын,
ҳәммениң қулы болдым. [20] Яҳудий-
лерди Масийхқа алып келиў ушын,
мен яҳудийлерге яҳудий сыяқлы
болдым. Муўсаның Нызамының
қол астында болғанларды Масийх-
қа алып келиў ушын, өзим Нызам-
ның қол астында болмасам да, мен
оларға Нызамның қол астындағы
адам сыяқлы болдым. [21] Нызам-
ға жат болған басқа миллетлерди
Масийхқа алып келиў ушын, мен
оларға Нызамға жат адамдай бол-
дым. Бирақ, мен Қудайдың Ныза-
мына жат адам емеспен, өйткени
мен Масийхтың Нызамының қол
астындаман. [22] Исеними күшсиз-
лердиң Масийх пенен байланысын
беккем қылыў ушын, мен олардың
бири сыяқлы болдым. Ҳеш болмаса
айырым адамларды болса да қут-
қарыў ушын, мен ҳәммеге ҳәмме
нәрсе болдым. [23] Хош Хабар арқалы
келетуғын берекеттен үлес алайын

---

[a] **9:9** Нзм 25:4.

деп, мен булардың ҳәммесин Хош
Хабар ушын ислеп атырман.
**24** Жарысқа қатнасатуғынлар-
дың ҳәммеси жууўырғаны менен,
тек бир адам ғана сыйлық ала-
туғынын билмейсизлер ме? Сиз-
лер де сыйлық алыўыңыз ушын
солай жууўырыңлар. **25** Жарысқа
қатнасатуғынлардың ҳәммеси өз-
лерин барлық нәрседен тыяды.
Олар буны өткинши тажды алыў
ушын ислейди. Ал бизлер мәңги-
лик тажды алыў ушын ҳәрекет ете-
миз. **26** Сонлықтан мен мақсетсиз
жууўырған адам сыяқлы жууўыр-
майман. Жудырығымды бийкарға
силтеп, ҳаўаны урған адам сыяқлы
болмайман. **27** Ал, басқаларға Хош
Хабарды жәриялап, өзим ылайық-
сыз адам болып қалмаўым ушын,
өзимди тыйып, денемди бағынды-
рып атырман.

### Бутқа табынбаңлар!

**10** **1** Туўысқанларым! Сизлер-
диң мынадан хабарсыз қа-
лыўыңызды қәлемеймен: Қудай
бизлердиң, яғный яҳудийлердиң
ата-бабаларының ҳәммесин булт-
тың жетелеўи менен жүргизип,
олардың барлығын теңизден кесип
өткизди[a]. **2** Олардың ҳәммеси булт
астында ҳәм теңизде сууға шомыл-
дырыў рәсиминен өткендей болып,
Муўсаның изине ериўшилер бол-
ды. **3** Ҳәммеси Қудай кәраматлы
жол менен берген бирдей аўқатты
жеди[b]. **4** Және де, олардың ҳәммеси
Қудай кәраматлы жол менен бер-
ген бирдей сууды ишти[c]. Себеби
олар өзлери менен бирге болған
кәраматлы жартастан суў ишкен
еди. Бул жартас – Масийх еди.
**5** Деген менен, олардың көбисине
Қудайдың кеўли толмағанлықтан,
сүйеклери шөлде қалды.
**6** Израиллылар сыяқлы жаман
нәрселерди қәлемесин деп, бул
ўақыялар бизлерге сабақ болы-
ўы ушын жүз берди. **7** Олардың
айырымлары сыяқлы бутпараз
болмаңлар. Өйткени Мухаддес Жа-
зыўда былай деп айтылған: «Ха-
лық ишип-жеў ушын отырды ҳәм
кейин орынларынан турып, ойын-
ға түсти».[d] **8** Олардың айырымлары
сыяқлы бузықшылық ислемейик.
Усылай ислеп, бир күнниң ишинде
жигирма үш мың адам набыт бол-
ды[e]. **9** Олардың базылары сыяқлы
Ийемизди* сынамайық. Усылай ис-
легенлерди жылан шағып өлтирген
еди[f]. **10** Олардың айырымлары сы-
яқлы налымаңлар. Усылай исле-
генлерди набыт қылыўшы периште
өлтирген еди[g].
**11** Олардың басынан кешкен бул
ўақыялар басқаларға сабақ болы-
ўы ушын жүз берди ҳәм соңғы за-
манларда жасап атырған бизлерге
ескертиў болыўы ушын жазылды.
**12** Сонлықтан исенимде беккем

---

a **10:1** Шығ 13:21-22; 14:21-22.
b **10:3** Шығ 16:35.
c **10:4** Шығ 17:6.
d **10:7** Шығ 32:6.
e **10:8** Сан 25:1-9.
f **10:9** Сан 21:4-6.
g **10:10** Сан 16:41-49.

турман деп есаплайтуғын адам
усындай гүналарды ислеўден сақ
болсын! [13] Сизлердиң басыңызға
ҳәмме адамлардың басына түсету-
ғын сынақлардан басқа сынақлар
түскен жоқ. Қудай садық, Ол күши-
ңизден артық сынақларға түсиўи-
ңизге жол қоймайды. Сынақларға
шыдаўыңыз ушын, Ол сынақлар
менен бирликте олардан шығыў
жолын да береди.

[14] Сонлықтан сүйикли туўысқан-
ларым, бутпаразлықтан қашыңлар!
[15] Мен сизлерге ақыллы адамларға
сөйлегендей, сөйлеп атырман. Сөз-
леримди өзлериңиз ақылға салып
көриңлер. [16] Бизлер шүкирлик бил-
дирип ишетуғын жарылқаў кесеси
арқалы Масийхтың қанына ше-
риклес болмаймыз ба? Сындырып
жеген нанымыз арқалы да Масийх-
тың денесине шериклес болмай-
мыз ба? [17] Нан бир болғанлықтан,
бизлер көп болсақ та, бир денемиз.
Себеби ҳәммемиз бир нанды бөли-
семиз. [18] Израил халқына қараң-
лар: қурбанлыққа берилгенлерди
жеген адамлар қурбанлық орын-
дағы хызметке шериклес болмай
ма? [19] Енди мен не демекшимен?
Бутқа шалынған қурбанлық ай-
рықша ма? Буттың қандай да бир
әҳмийети бар ма? [20] Яқ, олай емес!
Мениң айтатуғыным мынаў: бутқа
табыныўшылар қурбанлықларын
Қудайға емес, ал жинлерге береди.
Мен сизлердиң жинлерге шериклес
болыўыңызды қәлемеймен. [21] Сиз-
лер ҳәм Ийемиздиң кесесинен, ҳәм
жинлердиң кесесинен ише алмай-
сызлар. Және де, ҳәм Ийемиздиң
дастурханына, ҳәм жинлердиң дас-
турханына шерик бола алмайсыз-
лар. [22] Ийемизди қызғандырыўға
қалай батылымыз барады? Бизлер
не, Оннан күшлимиз бе?

### Ҳәр бир ис-ҳәрекетиңиз арқалы Қудайды даңққа бөлеңлер!

[23] Сизлер: «Не ислесем де ерк-
лимен», – дейсизлер, бирақ ҳәм-
ме нәрсе де пайдалы емес. «Не
ислесем де ерклимен», – дейсиз-
лер, бирақ ҳәмме нәрсе де исеним-
ди жетилистирмейди. [24] Ҳәр бир
адам өзиниң емес, ал басқалар-
дың пайдасын гөзлесин. [25] Ҳүжда-
ныңыздың тыныш болыўы ушын,
базарда сатылатуғын ҳәр қандай
гөштиң қандай гөш екенин сора-
мастан жеңлер. [26] Өйткени: «Жер
жүзи ҳәм жер жүзиндеги пүткил
барлық Жаратқан Ийеге тийисли».[a]

[27] Егер исениўши емес бир адам
сени аўқатқа шақырса ҳәм сен де
барыўды қәлесең, ҳүжданыңның
тыныш болыўы ушын, алдыңа қо-
йылған ҳәр бир нәрсени сорамас-
тан же. [28] Бирақ, биреў саған: «Бул
бутқа берилген қурбанлықтың гө-
ши» десе, айтқан адамның ҳүрме-
ти ушын ҳәм оның ҳүжданы ушын
аўқатты жеме*. [29] Мен ҳүждан деп,
сениң емес, ал басқа адамның ҳүж-
данын нәзерде тутып атырман.
Себеби неге мениң азатлығымды
басқа биреўдиң ҳүжданы ҳүким
етиўи керек? [30] Егер мен аўқатты
шүкирлик пенен қабыл етсем, мен
неге шүкирлик етип жеген аўқа-
тым себепли айыпланыўым керек?

---

a **10:26** Заб 23:1.

31 Солай етип, жесеңиз де, иш-
сеңиз де, не нәрсени ислесеңиз де,
ҳәмме нәрсени Қудайдың даңқ-
қа бөлениўи ушын ислеңлер.
32 Яҳудийлердиң де, греклердиң
де, Қудайдың жәмәәтлериниң де
азғырылыўына себеп болмаңлар.
33 Мен де өзимниң пайдамды емес,
ал көплердиң қутқарылыўы ушын
олардың пайдасын гөзлеп, ҳәр бир
исте ҳәр бир адамның кеўлинен
шығыўға тырысып атырман.

# 11

1 Мениң Масийхтан өрнек
алғаным сыяқлы, сизлер де
меннен өрнек алыңлар.

## Ҳаяллардың басын жабыўы ҳаққында

2 Мени ҳәр бир исте ядыңызға
түсирип, мен сизлерге үйреткен
дәстүрлер бойынша ис тутып атыр-
ғаныңыз ушын сизлерди мақтай-
ман. 3 Бирақ, мен мына нәрсени де
билиўиңизди қәлеймен: ҳәр бир ер
адамның басы Масийх, ҳаялдың
басы күйеўи, ал Масийхтың басы
Қудай. 4 Жәмәәт жыйналысын-
да басын жаўып дуўа еткен ямаса
пайғамбаршылық қылған ҳәр бир
ер адам өз басы болған Масийхты
бийабырай қылады. 5 Ал, басын
жаўмай дуўа еткен ямаса пайғам-
баршылық қылған ҳәр бир ҳаял өз
басы болған күйеўин бийабырай
қылады. Бундай ҳаялдың шашын
алдырып таслаған ҳаялдан парқы
болмайды. 6 Егер ҳаял басын жап-
қысы келмесе, шашын кестиргени
жақсы. Бирақ, ҳаял шашын кести-
риўди ямаса алдырыўды айып деп
билсе, басын жабыўы керек. 7 Ер
адам басын жаппасын. Өйткени
ер адам Қудайға уқсатып жара-
тылған ҳәм Оның даңқын көрсе-
теди. Ал ҳаял ер адамның даңқын
көрсетеди. 8 Себеби ер адам ҳаял-
дан емес, ал ҳаял ер адамнан жара-
тылды. 9 Ер адам ҳаял ушын емес,
ал ҳаял ер адам ушын жаратылды.
10 Сонлықтан да периштелер себеп-
ли, ҳаял өзиниң бийлик астында
екенин көрсетиў ушын басын жа-
быўы керек.
11 Деген менен, Ийемизге тийис-
ли адамлардың өмиринде ҳаял ер
адамнан, ер адам ҳаялдан ғәрез-
ли. 12 Өйткени ҳаял ер адамнан
жаратылғаны сыяқлы, ер адам да
ҳаялдан туўылады. Бирақ, ҳәмме-
син Қудай жаратқан. 13 Өзлериңиз
ақыл жуўыртып көриңлер: ҳаял-
дың Қудайға басын жаппай дуўа
етиўи әдепке жата ма? 14 Тәбияттың
өзи узын шаш ер адам ушын уят
екенин, 15 бирақ ҳаял ушын абы-
рай екенин үйретпей ме? Себеби
узын шаш ҳаялдың басын жабы-
ўы кереклигин көрсетеди. 16 Бул
ҳаққында тартысыўды қәлейтуғын
адам бар болса, ол билсин, бизлер-
де де, Қудайдың жәмәәтлеринде де
буннан басқа әдет жоқ.

## Ийемизди еслеў кешеси

17 Енди мына жол-жорықты берип
атырып, сизлерди мақтамайман,
өйткени жыйналысларыңыздың
пайдасынан гөре, зыяны көп. 18 Би-
риншиден, жәмәәтте жыйналға-
ныңызда араңызда бөлиниўлер
бар екенин еситип атырман. Бу-
ған жарым-жарты болса да исе-
немен. 19 Себеби, әлбетте, дурыс
пикир жүргизиўшилер анықла-
ныўы ушын, араңызда ҳәр түрли

пикир жүргизиўши топарлар бо-
лыўы тийис.
20 Сизлер бөлинип турып, Ийе-
мизди еслеў кешесин өткизиў ушын
бирге жыйналсаңыз, бул шын мә-
нисиндеги Ийемизди еслеў кеше-
си болмайды. 21 Өйткени ҳәр ким
өзиниң аўқатын басқалардан бурын
жеўге асыққанлықтан, биреў аш қа-
лады, биреў мәс болады. 22 Сизлер-
диң ишип-жеўиңиз ушын үйлериңиз
жоқ па? Қудайдың жәмәәтин писент
етпей, жоқшылықта жасайтуғын-
ларды уялтқыңыз келе ме? Сизлерге
не деймен? Сизлерди мақтайын ба?
Яқ, бул ушын мақтамайман!
23 Сизлерге тапсырған мына жол-
жорығымды мен Ийемизден ал-
дым: қолға услап берилетуғын күни
түнде Ийемиз Ийса қолына нанды
алды да, 24 шүкирлик билдирди
ҳәм нанды сындырып, былай де-
ди: «Бул – сизлер ушын берile-
туғын Мениң денем. Мени еслеп
турыўыңыз ушын, усылай ислеп
турыңлар». 25 Сол сыяқлы, кешки
аўқаттан соң кесени алып былай
деди: «Бул кесе – Мениң қаным
менен бекитилетуғын жаңа кели-
сим. Оны ҳәр ишкениңизде Мени
еслеп турыўыңыз ушын, усылай
ислеп турыңлар»[а]. 26 Себеби бул
наннан ҳәр жегениңизде ҳәм бул
кеседен ҳәр ишкениңизде, Ийемиз
қайта келиўге дейин Оның өлими
ҳаққында жәриялаған боласызлар.
27 Сонлықтан ким де ким ылайық-
сыз түрде Ийемиздиң бул нанын
жеп, кесесинен ишсе, Ийемиздиң де-
несине ҳәм Оның қанына қарсы гү-
на ислеген болады. 28 Ҳәр бир адам
өзин тексерип көрсин, соңынан нан-
ды жеп, кеседен ишсин. 29 Өйткени
ким де ким Ийемиздиң денесин пи-
сент етпей, ылайықсыз түрде нанды
жеп, кеседен ишсе, өз-өзин Қудай-
дың ҳүкимине дуўшар қылған бо-
лады. 30 Сол себептен араңыздағы
көплериңиз ҳәлсиз ҳәм аўырыўсыз,
өлип қалған адамлар да көп болды.
31 Егер бизлер өз-өзимизди тексе-
рип көргенимизде, Қудай тәрепи-
нен ҳүким етилмеген болар едик.
32 Бирақ, дүнья менен бирге ҳүким
етилмеўимиз ушын, Ийемиз биз-
лерди жазалап, тәрбиялайды.
33 Солай етип, туўысқанларым,
бир жерге жыйналғаныңызда ҳәм
аўқатланғаныңызда, бир-бириңиз-
ди күтиңлер. 34 Егер ким де ким аш
болса, үйинде аўқатланып келсин.
Сонда жыйналысыңыз Қудайдың
ҳүкимине ушырамайды. Басқа мәсе-
лелерге келсек, олар бойынша өзим
барғанымда жол-жорық беремен.

### Руўхый сыйлар ҳаққында

12 1 Енди руўхый сыйларға кел-
сек, туўысқанларым, сизлер-
диң бул ҳаққында хабарсыз қалы-
ўыңызды қәлемеймен. 2 Сизлерге
мәлим, бутпараз болған ўақтыңызда
биреў мойныңызға жип салып сүй-
регендей болып, тилсиз бутларға
табынатуғын единңлер. 3 Сонлықтан
мына нәрсени билиўиңизди қәлей-
мен: Қудайдың Руўхының басқары-
ўында сөйлейтуғын ҳеш бир адам:
«Ийсаға нәлет жаўсын», – деп айт-
пайды. Және де, тек Мухаддес Руўх
басқаратуғын адам ғана: «Ийса – ме-
ниң Ийем», – деп айта алады.

а **11:25** Лук 22:19-20.

4 Ҳәр қыйлы руўхый сыйлар бар,
бирақ оларды беретуғын Мухад-
дес Руўх биреў. 5 Ҳәр түрли хыз-
метлер бар, бирақ бизлер хызмет
ететуғын Ийемиз жалғыз. 6 Ҳәр
қыйлы ис-ҳәрекетлер бар, бирақ
барлық исениўши адамлардың ҳәр
бир исинде ҳәрекет етиўши Қудай
жалғыз. 7 Пүткил исениўшилер жә-
мәәтиниң пайдасы ушын, Мухад-
дес Руўх ҳәр бир исениўшиге Өз
сыйын береди. 8 Мухаддес Руўх
биреўге ақыл-даналық сөзлерин,
биреўге билим сөзлерин, 9 сол Му-
хаддес Руўх биреўге айрықша исе-
ним, биреўге аўырыўларға шыпа
бериў сыйын, 10 биреўге кәрамат-
лар көрсетиў күшин береди. Жә-
не де, сол Мухаддес Руўх биреўге
пайғамбаршылық айтыў, биреўге
руўхларды айырып билиў, биреўге
руўхый тиллерде сөйлеў, биреўге
руўхый тиллерди түсиндириў сы-
йын береди. 11 Булардың ҳәммесин
иске асырыўшы бир нәрсе ҳәм анық
сол Мухаддес Руўх. Мухаддес Руўх
бул сыйларды Өз қәлеўи бойынша
ҳәр кимге бөлип береди.

### Жәмәәт – бир дене

12 Адамның денеси биреў болғаны
менен, денениң көп мүшелери бар
ҳәм мүшелер көп болса да, олар бир
денени қурайды. Масийхтың дене-
си болған исениўшилер жәмәәти де
сондай. 13 Себеби бизлер ким болы-
ўымызға қарамай, яҳудий болсақ
та, грек болсақ та, қул ямаса азат
адам болсақ та, ҳәммемиз Масийх-
тың денеси болыўымыз ушын, бир
Мухаддес Руўх тәрепинен шомыл-
дырылдық. Қудай бизлердиң ҳәмме-
мизге бир Мухаддес Руўхты берди.
14 Дене бир емес, ал көп мүше-
лерге ийе. 15 Егер аяқ: «Мен қол
болмағаным ушын, денеге тийис-
ли емеспен», – десе де, ол денеге
тийисли емес болып қалмайды.
16 Егер қулақ: «Көз болмағаным
ушын, денеге тийисли емеспен», –
десе де, ол денеге тийисли емес
болып қалмайды. 17 Егер пүткил
дене көз болса, онда қалай еситиў-
ге болады? Егер пүткил дене қулақ
болса, онда қалай ийис сезиўге бо-
лады? 18 Сонлықтан Қудай ҳәр бир
мүшени денеге Өз қәлеўи бойын-
ша жайластырып қойыпты. 19 Егер
мүшелердиң ҳәммеси бирдей бол-
ғанда, онда дене қаяқта болар еди?
20 Ал ҳақыйқатында, мүшелер көп
болса да, дене биреў.
21 Көз қолға: «Сениң маған кере-
гиң жоқ!» ямаса бас та аяқларға:
«Сизлер маған керек емессиз!» –
дей алмайды. 22 Керисинше,
денениң ҳәлсизирек көринген мү-
шелери анағурлым әҳмийетлирек
болады. 23 Денениң итибарсызырақ
деп саналған мүшелерине көбирек
ғамхорлық көрсетемиз. Көриксиз
мүшелеримизге көбирек сән бе-
ремиз. 24 Ал көрикли мүшелери-
миз буған мүтәж емес. Солай етип,
Қудай әҳмийетсиз болған мүшеле-
римизге әҳмийет берип, денемиз-
диң бирлигин сақлады. 25 Буны
Ол денеде бөлиниў болмасын, ал
мүшелер бир-бирине ғамхорлық
көрсетсин деп иследи. 26 Егер бир
мүше азап шексе, пүткил мүшелер
бирликте азап шегеди. Бир мүше
мәртебеге ериссе, пүткил мүшелер
бирликте қуўанады.
27 Солай етип, сизлер бирлик-
те Масийхтың денесисиз, ал ҳәр

бириңиз өз алдыңызға усы дене-
ниң мүшелерисиз. 28 Қудай исениў-
шилер жәмәәтинде бириншиден
елшилерди, екиншиден пайғамбар-
ларды, үшиншиден муғаллимлерди,
соңынан кәрамат көрсететуғынлар-
ды, аўырыўларға шыпа беретуғын
сыйға ийе болғанларды, басқалар-
ға жәрдем бериўшилерди, жақсы
шөлкемлестириўшилерди ҳәм руў-
хый тиллерде сөйлейтуғынларды
тайынлады. 29 Ҳәммеси елши ме?
Ҳәммеси пайғамбар ма? Ҳәммеси
муғаллим бе? Ҳәммеси кәрамат
көрсетиўши ме? 30 Ҳәммеси аўы-
рыўларға шыпа беретуғын сыйға
ийе ме? Ҳәммеси руўхый тиллерде
сөйлей ме? Ҳәммеси руўхый тил-
лерди түсиндире ме? Яқ, олай емес!
31 Бирақ, сизлер уллырақ сыйлар-
ды алыўға умтылыңлар.

Енди мен сизлерге ең жақсы жол-
ды көрсетемен.

### Сүйиспеншилик ҳаққында

13 1 Егер мен адамлардың ҳәм
периштелердиң тиллерин-
де сөйлесем де, бирақ сүйиспен-
шилигим болмаса, онда мениң
шыңғырлаған мыстан ҳәм даңғыр-
лаған дәптен парқым болмай қа-
лады. 2 Егер мен пайғамбаршылық
қүдиретине ийе болсам, пүткил
сырларды билсем ҳәм ҳәр түрли
билимге ийе болсам, ҳәтте, таўлар-
ды көширетуғын күшли исенимим
болса да, бирақ сүйиспеншили-
гим болмаса, онда мен ҳеш нәрсе
емеспен. 3 Егер мен пүткил мал-
мүлкимди жарлыларға үлестирип
берсем, ҳәтте, өзимди қурбан етип,
денемди отқа жағыўға тапсыр-
сам да, бирақ сүйиспеншилигим
болмаса, буннан маған ҳеш қандай
пайда жоқ.

4 Сүйиспеншилик сабырлы ҳәм
мийримли. Сүйиспеншилик қыз-
ғанбайды, мақтанбайды, менмен-
лик қылмайды. 5 Сүйиспеншилик
қопаллық ислемейди, өз пайдасын
гөзлемейди, тез ашыўланбайды,
кек сақламайды. 6 Сүйиспенши-
лик наҳақлыққа қуўанбайды, ал
ҳақыйқатлыққа қуўанады. 7 Сү-
йиспеншилик ҳәмме нәрсени кө-
тереди, ҳәмме ўақытта исенеди,
ҳәмме ўақытта үмит етеди, ҳәм-
месине шыдайды.

8 Сүйиспеншилик ҳеш қашан та-
ўысылып қалмайды. Бирақ, пай-
ғамбаршылықлар жоқ болады,
руўхый тиллерде сөйлеў сыйы тоқ-
тап қалады, билим де жоқ болады.
9 Өйткени бизлердиң билимимиз
де, пайғамбаршылықларымыз да
еле толық емес. 10 Бирақ, минсиз
болған толық нәрсе келгенде, то-
лық емес нәрсе жоқ болады. 11 Мен
бала болған ўақтымда бала сыяқлы
сөйлейтуғын, бала сыяқлы пикир
жүргизетуғын ҳәм бала сыяқлы
түсинетуғын едим. Ал ересек адам
болғанымда, мен балаға тән қәси-
йетлерди тасладым. 12 Ҳәзир бизлер
ҳәммесин гүңгирт айнада көрген-
дей гүмилжи көрип турмыз. Бирақ
ақырғы ўақыт келгенде, жүзбе-жүз
көремиз. Ҳәзир мен толық билимге
ийе емеспен, бирақ ақырғы ўақыт
келгенде, Қудай мени толық бил-
гендей, мен де Оны толық билету-
ғын боламан.

13 Солай етип, мына үш нәрсе
мәңгиге қалады: исеним, үмит ҳәм
сүйиспеншилик. Бирақ, булардың
ең баслысы – сүйиспеншилик.

## Руўхый тиллерде сөйлеў сыйы ҳәм пайғамбаршылық айтыў сыйы

**14** 1 Сүйиспеншилик пенен
жасаўға умтылыңлар ҳәм
руўхый сыйларды, әсиресе пай-
ғамбаршылық айтыў сыйын алыў-
ға тырысыңлар. 2 Себеби руўхый
тилде сөйлеген адам адамларға
емес, ал Қудайға сөйлейди. Оны
ҳеш ким түсинбейди. Ол Мухаддес
Руўхтың басқарыўында сырлар-
ды айтады. 3 Ал пайғамбаршылық
айтқан адам адамларды беккем-
леў, жубатыў ҳәм руўхландырыў
ушын сөйлейди. 4 Руўхый тилде
сөйлеген адам өзин өзи беккем-
лейди. Ал, пайғамбаршылық айт-
қан адам исениўшилер жәмәәтин
беккемлейди. 5 Мен сизлердиң
ҳәммеңиздиң руўхый тиллерде
сөйлеўиңизди қәлеймен. Бирақ
оннан гөре, пайғамбаршылық ай-
тыўыңызды көбирек қәлеймен.
Руўхый тиллер исениўшилер жә-
мәәтиниң беккемлениўи ушын
түсиндирилмесе, онда пайғамбар-
шылық айтыўшы руўхый тиллерде
сөйлеген адамнан артығырақ.

6 Солай етип, туўысқанларым,
мен сизлерге барып руўхый тил-
лерде сөйлесем, бирақ сизлерге
я Қудайдың аянын, я пайғамбар-
шылық сөзин түсиндирмесем, я
билим я тәлим бермесем, онда ме-
ниң сизлерге қандай пайдам тийе-
ди? 7 Сырнай ямаса арфа сыяқлы,
сес шығаратуғын жансыз нәрсе-
лер де анық сес шығармаса, сыр-
най ямаса арфаның не шерткенин
ким түсинеди? 8 Егер кәрнай урыс-
тың басланғанын жәриялап, анық
сес шығармаса, ким урысқа таяр-
ланады? 9 Сол сыяқлы, сизлер де
руўхый тилде сөйлеп, түсиниксиз
сөзлерди айтсаңыз, сөйлеген сөзи-
ңизди ким түсинеди? Сизлер қуры
далаға сөйлегендей боласызлар!
10 Дүньяда түрли-түрли тиллер бар
ҳәм олардың ҳәр бир сөзи өз мәни-
сине ийе. 11 Деген менен, егер мен
өзиме айтылған сөзди түсинбесем,
сөйлеп турған адам ушын мен жат
жерли адам боламан, сөйлеп турған
адам да мен ушын жат жерли адам
болады. 12 Сол себептен сизлер руў-
хый сыйларды алыўға умтылға-
ныңызда, исениўшилер жәмәәтин
беккемлейтуғын сыйларды көби-
рек алыўға тырысыңлар.

13 Сонлықтан ким де ким руў-
хый тилде сөйлейтуғын болса, ол
өзиниң айтқанларын түсиндире
алыўы ушын дуўа етсин. 14 Өйт-
кени мен руўхый тилде дуўа ет-
сем, руўхым дуўа етеди, бирақ мен
буны сана-сезимим менен түсин-
беймен. 15 Олай болса, мен не ис-
леўим керек? Мен руўхым менен
де, сана-сезимим менен де дуўа
етиўим керек. Руўхым менен ал-
ғыс-мақтаў қосығын айтсам, сана-
сезимим менен де алғыс-мақтаў
қосығын айтыўым керек. 16 Егер
сен тек руўхың менен шүкирлик
билдирсең, сол жерде турған тү-
синбейтуғын адам сениң билдир-
ген шүкирлигиңе қалай «аўмийин»
дейди? 17 Дурыс, сениң шүкирлик
билдиргениң жақсы, бирақ бул
арқалы басқа адам руўхый азық
алмайды. 18 Қудайға шүкир, мен
ҳәммеңизден гөре, руўхый тил-
лерде көбирек сөйлеймен. 19 Деген
менен, исениўшилер жәмәәтинде

руўхый тилде он мың сөз айтқа-
нымнан гөре, басқаларға тәлим
бериўим ушын түсиникли бес сөз
айтқаным абзалырақ.
20 Туўысқанларым, ақыл-ойы-
ңыз бенен баладай болмаңлар. Жа-
манлық ислеўде гөдек сыяқлы, ал
ақыл-ойыңыз бенен ересек адам
сыяқлы болыңлар. 21 Мухаддес Жа-
зыўда былай делинген:
«Жаратқан Ийе былай дейди:
„Жат тиллерде сөйлегенлер
арқалы,
Жат адамлардың аўызлары
арқалы бул халыққа
сөйлеймен.
Олар сонда да Мени
тыңламайды“».[a]
22 Солай етип, руўхый тиллерде
сөйлеў исениўшилер ушын емес, ал
исенбейтуғын адамлар ушын бе-
рилген белги болады. Ал пайғам-
баршылық исенбейтуғын адамлар
ушын емес, исениўшилер ушын бе-
рилген белги болады. 23 Егер пүт-
кил исениўшилер жәмәәти бир
жерге жыйналып, ҳәммеси бир-
ликте руўхый тиллерде сөйлесе,
бул руўхый сыйға ийе емес ямаса
исениўши емес адамлар сол жер-
ге келсе: «Сизлер ақылдан азып-
сыз!» – демей ме? 24 Бирақ, ҳәмме
пайғамбаршылық қылғанда, исе-
ниўши емес ямаса бул руўхый сый-
ды түсинбейтуғын бир адам сол
жерге келсе, еситкен ҳәр бир сө-
зи оның гүнакар екенлигин ашып
береди ҳәм ҳүким етеди. 25 Со-
лай етип, оның жүрегиндеги жа-
сырын нәрселер ашылып қалады
ҳәм ол жерге жығылып: «Қудай
ҳақыйқаттан да, сизлердиң араңыз-
да екен!» – деп Қудайға сыйынады.

### Жәмәәт жыйналысындағы тәртип ҳаққында

26 Туўысқанларым, енди буннан
қандай жуўмақ шығарамыз? Сиз-
лер жыйналғаныңызда, бириңиз
алғыслаў қосығын айтасыз, бири-
ңиз тәлим бересиз, бириңиз Қудай
берген аянды билдиресиз, бириңиз
руўхый тилде сөйлейсиз ҳәм және
бириңиз руўхый тилди түсинди-
ресиз. Булардың ҳәммеси исениў-
шилер жәмәәтиниң беккемлениўи
ушын исленсин. 27 Руўхый тилде
сөйлегениңизде, еки ямаса ең көп
дегенде үш адам сөйлесин, бирақ
олар гезек пенен сөйлесин. Басқа
бир адам айтылғанларды түсиндир-
син. 28 Егер түсиндиретуғын адам
жоқ болса, руўхый тилде сөйлей-
туғын адам жәмәәтте үндемесин,
ал өзи жалғыз қалғанда өзи ушын
Қудайға сөйлесин. 29 Пайғамбар-
шылық айтыўшылардың да екеўи
ямаса үшеўи сөйлесин, ал басқа-
лар олардың айтқан сөзлерин тек-
серип көрсин. 30 Отырған басқа бир
адамға сол ўақытта Қудайдан аян
берилсе, сөйлеп турған пайғамбар-
шылық айтыўшы адам үндемей қал-
сын. 31 Жәмәәттеги ҳәр бир адамды
үйретип, ҳәр бир адамға жубаныш
бериўиңиз ушын, ҳәммеңиз гезек
пенен пайғамбаршылық айтыўы-
ңызға болады. 32 Пайғамбаршылық
айтыў сыйы пайғамбаршылық ай-
тыўшы адамлар тәрепинен басқары-
лады. 33 Себеби Қудай тәртипсизлик
Қудайы емес, ал тынышлық Қудайы.

---

[a] **14:21** Ийш 28:11-12.

Барлық мухаддеслердиң жәмәәтлеринде болғаны сыяқлы, 34 сизлердиң жәмәәтиңизде де ҳаяллар жыйналысларда үндемесин. Олардың сөйлеўине рухсат етилмеген. Муўсаның Нызамында айтылғандай, олар бойсыныўы керек. 35 Егер олар бир нәрсени үйренбекши болса, үйде күйеўлеринен сорасын. Өйткени ҳаялдың жәмәәт жыйналысында сөйлегени уят болады.

36 Қудайдың сөзи сизлерден шығып, тек жалғыз сизлерге жетип барды ма? 37 Егер ким де ким өзин пайғамбар ямаса руўхый жетик адам деп санаса, сизлерге жазып атырған бул сөзлеримниң Ийемиздиң буйрығы екенин билсин. 38 Ал ким де ким буларды қабыл алмаса, оның өзи де қабыл алынбайды.

39 Солай етип, туўысқанларым, пайғамбаршылық айтыўға умтылыңлар. Руўхый тиллерде сөйлеўге тосқынлық жасамаңлар. 40 Бирақ, ҳәммеси де әдеп ҳәм тәртип пенен исленсин.

## Масийхтың қайта тирилиўи ҳаққында

**15** 1 Туўысқанларым, мен сизлерге жәриялаған Хош Хабарды есиңизге түсириўди қәлеймен. Сизлер оны қабыл еттиңлер ҳәм оның тийкарында исенимиңизди беккемлеп алдыңыз. 2 Егер сизлер мен өзлериңизге жәриялаған усы Хош Хабарды исеним менен беккем тутсаңыз, ол арқалы қутқарыласыз. Болмаса, бийкарға исенип жүрген боласызлар.

3 Өзим алған ең әҳмийетли нәрсени мен сизлерге жеткизген едим. Яғный, Мухаддес Жазыўлар бойынша, Масийх бизлердиң гүналарымыз ушын өлди[a]. 4 Және де, Мухаддес Жазыўлар бойынша, Ол қәбирге қойылды ҳәм үшинши күни өлимнен қайта тирилди[b]. 5 Ол Кифаға, кейин он еки шәкиртине көринди. 6 Соңынан бир ўақыттың өзинде бес жүзден аслам исениўши туўысқанларға көринди. Олардың көбиси еле тири, базылары қайтыс болды. 7 Буннан соң, Ол Яқыпқа[c], кейнинен барлық елшилерге көринди. 8 Ал ең соңында шала туўылған балаға мегзес болған маған да көринди. 9 Себеби мен елшилер ишиндеги ең арзымағаныман. Қудайдың жәмәәтин қуўдалағаным ушын, мен елши деп аталыўға да ылайықлы емеспен. 10 Бирақ, мен ҳәзир ким болған болсам, Қудайдың мийрими менен болдым. Оның маған деген мийрими босқа кетпеди. Мен елшилердиң ҳәммесинен көп мийнет еттим. Негизинде мен емес, ал мениң менен бирге болған Қудайдың мийрими мийнет етти. 11 Солай етип, мен болайын ямаса басқа елшилер болсын, бизлер усы нәрсе ҳаққында жәриялаймыз. Сизлер де усыған исендиңиз.

## Өлилердиң тирилиўи ҳаққында

12 Масийх өлимнен қайта тирилди, деп жәриялап атырған болсақ

---

[a] **15:3** Ийш 53:5-12.
[b] **15:4** Заб 15:8-10.
[c] **15:7** *Яқып* – Ийсаның иниси.

та, қалай араңыздағы базы адам-
лар өлимнен тирилиў жоқ дейди?
13 Егер өлилер тирилмейтуғын бол-
са, онда Масийх та тирилмеген бо-
лады. 14 Масийх тирилмеген болса,
онда бизлердиң жәриялағанлары-
мыз да, сизлердиң исенимиңиз де
бийкар болады. 15 Ҳәтте, бизлер
Қудай ҳаққында жалған гүўалық
берген адамлар болып қаламыз.
Өйткени бизлер Қудай Масийх-
ты тирилтти, деп гүўалық берген
едик. Егер өлилер ҳақыйқаттан
да қайта тирилмейтуғын болса,
онда Қудай да Масийхты тирилт-
пеген болады. 16 Егер өлилер ти-
рилмейтуғын болса, онда Масийх
та тирилмеген болады. 17 Масийх
тирилмеген болса, онда сизлер-
диң исенимиңиз бийкар болады
ҳәм сизлер еле гүналарыңыздың
бийлиги астында жасап атырған
боласызлар. 18 Олай болса, Масийх-
қа тийисли болып дүньядан өткен
адамлар да набыт болған болады.
19 Егер бизлер тек бул дүньядағы
өмиримизде ғана Масийхтан үмит
ететуғын болсақ, онда бизлер ҳәм-
ме адамлар ишиндеги ең аянышлы
адамлар болғанымыз.

20 Бирақ, Масийх ҳақыйқаттан да
өлимнен қайта тирилди! Ол өлилер
ишинен биринши болып тирили-
ўи арқалы өлилердиң тирилетуғы-
нын дәлилледи. 21 Бир адам арқалы
өлим келгени сыяқлы, бир Адам
арқалы өлимнен тирилиў келди.
22 Яғный, Адам-ата менен қатнасы
болған пүткил адамзат өлетуғыны
сыяқлы, Масийх пенен қатнасы
болған барлық адамлар тирилип,
өмирге ериседи. 23 Бирақ, ҳәр би-
ри өз гезеги бойынша тириледи:
ең алды менен Масийх тирилди,
соңынан Масийх қайтып келген-
де, Оған тийисли болғанлар тири-
леди. 24 Буннан кейин, Масийх ҳәр
бир ҳәкимшиликти, ҳәр бир бий-
ликти ҳәм қүдиретти сапласты-
рып, патшалықты Әкемиз Қудайға
тапсырғанда, ақырзаман болады.
25 Себеби Қудай барлық душпан-
ларын Масийхтың аяғының астына
бастырмағанша, Масийх патшалық
етиўи тийис. 26 Жоқ қылынату-
ғын соңғы душпан – өлим бола-
ды. 27 Өйткени Мухаддес Жазыўда:
«Қудай ҳәмме нәрсени Оның аяқ-
ларына бас урғызды», – делин-
ген[a]. Бирақ, бул «ҳәмме нәрсени»
деген сөздиң ишинде ҳәмме нәр-
сени Масийхқа бойсындырған
Қудай нәзерде тутылмағаны анық.
28 Барлығы Улға бойсынғанда, Ул
да барлығын Өзине бойсындырған
Қудайға бойсынады. Усылай етип,
Қудай ҳәмме нәрсе үстинен толық
бийлик жүргизеди.

29 Егер қайта тирилиў жоқ бол-
са, өлилер ушын суўға шомыл-
дырылғанлар не болады? Өлилер
ҳеш қашан тирилмейтуғын бол-
са, адамлар не себептен өлилер
ушын суўға шомылдырылады?
30 Және де, бизлер не ушын ҳәр
саат сайын өзимизди қәўип ас-
тына қоямыз? 31 Туўысқанларым,
сизлердиң Ийемиз Масийх Ийса
менен болған байланысыңызды
мақтаныш етип, ант ишемен: мен
ҳәр күни өлим менен жүзбе-жүз
ушыраспақтаман. 32 Егер тек бул

a **15:27** Заб 8:7.

дүньяға үмит байлаған болсам,
онда неге өлилердиң тирилетуғы-
нын жәриялап, Эфесте өмиримди
қәўип астына қойдым? Егер өли-
лер тирилмейтуғын болса, онда:
«Келиңлер, ишип-жеп қалайық,
себеби ертең өлемиз-ғо!»[a] – деге-
нимиз орынлы болар еди. 33 Би-
рақ алданып қалмаңлар: жаман
дослар жақсы әдетлерден айы-
рады. 34 Есиңизди жыйып, өзи-
ңизге келиңлер ҳәм енди қайтып
гүна ислемеңлер. Айырымлары-
ңыз Қудайды билмейсиз. Булар-
ды сизлерди уялтыў ушын айтып
атырман.

### Тирилген дене ҳаққында

35 Бирақ, биреў: «Өлилер қалай
тириледи? Қандай дене менен ке-
леди?» – деп сораўы мүмкин. 36 Не
деген ақылсызлық! Сениң еккен ту-
қымың өлмесе, көгерип шықпай-
ды-ғо. 37 Сен еккениңде, көгерип
турған өсимликтиң өзин емес, ал
оның тек туқымын, бийдай яма-
са басқа бир өсимликтиң туқы-
мын егесең. 38 Қудай туқымға Өз
қәлеўи бойынша дене береди. Ту-
қымлардың ҳәр бирине өз алдына
бир дене береди. 39 Тири жанлар-
дың денеси бирдей емес. Адамлар-
дың денеси басқа, ҳайўанлардың
денеси басқа, қуслардың ҳәм ба-
лықлардың денеси басқа болады.
40 Аспан денелери бар, жер денеле-
ри де бар. Аспандағы денелердиң
сулыўлығы басқа, жердеги денелер-
диң сулыўлығы басқа. 41 Қуяштың
сулыўлығы басқа, айдың сулыўлы-
ғы басқа, жулдызлардың сулыў-
лығы басқа. Сулыўлығы бойынша,
жулдыз жулдыздан парық қылады.
42 Өлилердиң тирилиўи де сон-
дай болады. Ширийтуғын дене кө-
миледи, бирақ ол ширимейтуғын
болып тириледи. 43 Дене хорлық
пенен көмиледи, салтанат пенен
тириледи. Ҳәлсиз болып көмиле-
ди, күшли болып тириледи. 44 Тә-
бийғый дене көмиледи, бирақ ол
руўхый дене болып тириледи. Тә-
бийғый дене бар болғаны сияқ-
лы, руўхый дене де бар. 45 Өйткени
Мухаддес Жазыўда былай делин-
ген: «Биринши адам – Адам-ата
тири жан болды».[b] Ал соңғы Адам –
Ийса Масийх өмир бериўши руўх
болды. 46 Бирақ, биринши болып
руўхый дене емес, ал тәбийғый де-
не келди. Руўхый дене кейнинен
келеди. 47 Биринши адам жерден,
яғный топырақтан болды. Екинши
адам[c] аспаннан келди. 48 Топырақ-
тан болған Адам-ата қандай бол-
са, топырақтан болған адамлар да
сондай болады. Аспаннан келген
Ийса Масийх қандай болса, аспан-
ға тийисли болған адамлар да сон-
дай болады. 49 Бизлер топырақтан
болған Адам-атаға қалай уқсайту-
ғын болсақ, аспаннан келген Ийса
Масийхқа да солай уқсайтуғын
боламыз.
50 Туўысқанларым, мениң сиз-
лерге айтып атырғаным мынаў:
бизлердиң ет пенен қаннан иба-
рат болған тәбийғый денемиз

---

a **15:32** Ийш 22:13.
b **15:45** Жар 2:7.
c **15:47** *Екинши адам* – Ийемиз Ийса.

Қудайдың Патшалығын мийрас
етип ала алмайды. Ширип кете-
туғын денемиз мәңгилик өмирге
ерисе алмайды. 51 Енди мен сизлер-
ге бир сырды ашып бермекшимен:
бизлердиң ҳәммемиз өлмеймиз,
бирақ ҳәммемиз өзгеремиз. 52 Бир-
ден көзди ашып-жумғанша, соңғы
кәрнай шалынғанда, өзгерип кете-
миз. Аўа, кәрнай шалынғанда, өл-
ген исениўшилер ширимейтуғын
денеде тириледи, тири болған биз-
лер де өзгерип кетемиз. 53 Себеби
бизлердиң бул ширийтуғын ҳәм
өлетуғын денемиз ширимейтуғын
ҳәм өлмейтуғын дене болып өзге-
риўи тийис. 54 Ширийтуғын ҳәм
өлетуғын денемиз ширимейтуғын
ҳәм өлмейтуғын болып өзгерсе,
Мухаддес Жазыўда айтылған мы-
на сөзлер иске асады:

«Өлим жоқ етилди, ол
жеңилди!»[a]
55 «Ҳәй өлим, жеңисиң қәне?
Ҳәй өлим, уўлы ийнең қәне?»[b]

56 Өлимниң уўлы ийнеси – гү-
на. Гүна өз күшин Мухаддес Ны-
замнан алады. 57 Бирақ, Қудайға
шүкирлер болсын! Ол бизлерди
Ийемиз Ийса Масийх арқалы же-
ңиске еристире береди.

58 Солай етип, сүйикли туўысқан-
ларым, тайсалмай беккем турың-
лар ҳәм Ийемиздиң хызметинде
бәрқулла ғайратлы болыңлар. Өйт-
кени Ийемиздиң жолында еткен
хызметиңиздиң босқа кетпейту-
ғынын билесизлер.

### Мүтәжликте жасап атырған исениўшилерге жәрдем бериў ҳаққында

16 1 Енди мухаддеслерге бери-
летуғын ақшалай жәрдемге
келсек, сизлер де буны Галатияда-
ғы исениўши жәмәәтлерге тапсыр-
ғанымдай ислеңлер. 2 Ҳәр екшемби
күни ҳәр бириңиз өз жағдайыңыз-
ға қарап, ақшаны бөлек жыйнап
қойың. Сонда мен сизлерге бар-
ғанымда, ақшаны жыйнап жү-
риўдиң зәрүрлиги болмайды.
3 Сизлерге барғанымда, берген
садақаларыңызды апарыўға ким-
лерди ылайықлы көрсеңиз, мен
сол адамларға хатлар берип, Еруса-
лимге жиберемен. 4 Егер мениң де
кетиўим керек болса, олар мениң
менен бирге кетеди.

### Павелдиң жобалары

5 Мен сизлерге Македония арқа-
лы бараман. Себеби мен усы үлке
арқалы жүрмекшимен. 6 Қасыңыз-
да бир қанша ўақыт қалыўым, ҳәт-
те, сизлер менен қысты да бирге
өткизиўим мүмкин. Соннан кейин,
мен қай жерге кетежақ болсам да,
сизлер маған жәрдем етерсиз. 7 Мен
бул сапары сизлерди жол-жөнекей
көрип кетиўди қәлемеймен. Егер
Ийемиз рухсат етсе, сизлер ме-
нен бирге бир қанша ўақыт қала-
ман, деп үмит етемен. 8 Бирақ, мен
Эфесте Елиўинши күни байрамы-
на[c] дейин қалажақпан. 9 Өйткени

---

a **15:54** Ийш 25:8.
b **15:55** Ҳош 13:14.
c **16:8** *Елиўинши күни байрамы* – грекше «Пентикост». Қутқарылыў байрамы-
нан соң, елиў күн толғанда болатуғын байрам. Леб 23:15-16 қараң.

бул жерде өнимли мийнет етиўим ушын маған кең жол ашылды. Деген менен, маған қарсы шығып атырғанлар да көп.

**10** Тимофей сизлерге барғанда, араңызда қәўипсиз жүриўи ушын көзқулақ болыңлар. Себеби ол да мен сыяқлы Ийемизге хызмет етеди. **11** Сонлықтан оны ҳеш ким пәс көрмесин. Мениң қасыма келиўи ушын оны аман-есен шығарып салыңлар. Өйткени мен оның туўысқанларымыз бенен бирге келиўин күтип отырман.

**12** Туўысқанымыз Аполлосқа келсек, туўысқанларымыз бенен бирге сизлерге барыўын оннан көп өтинген едим. Бирақ, ол ҳәзир сизлерге барыўды ҳеш қәлемей атыр. Қолайлы жағдай туўылғанда, ол сизлерге барады.

### Павелдиң соңғы ақыл-нәсиятлары

**13** Сергек болыңлар, исенимде беккем турыңлар, мәрт ҳәм жигерли болыңлар. **14** Ҳәр бир нәрсени сүйиспеншилик пенен ислеңлер.

**15** Ахая үлкесинде биринши болып исенген ҳәм өзлерин мухаддеслердиң хызметине бағышлаған Степанның хожалығын билесизлер. Сизлерден өтиниш, туўысқанларым: **16** сизлер де усындай адамларға ҳәм олар менен бирге мийнет ететуғын адамлардың ҳәммесине бойсыныңлар. **17** Мен Степанның, Фортунатустың ҳәм Ахайктың келгенине қуўанышлыман. Олар сизлердиң орныңызды басып, сизлердиң жоқлығыңызды умыттырды. **18** Олар мениң руўхымды да, сизлердиң руўхыңызды да көтерди. Бундай адамлардың қәдирин билиңлер.

### Соңғы сәлемнама

**19** Азия үлкесиндеги[a] жәмәәтлер сизлерге сәлем айтып атыр. Акила менен Прискилла ҳәм олардың үйиндеги исениўшилер жәмәәти Ийемиз бенен қатнаста болған сизлерге көп-көп сәлем айтып атыр. **20** Усы жердеги барлық туўысқанлар да сизлерге сәлем айтып атыр. Бир-бириңизди мухаддес поса менен сүйип сәлемлесиңлер.

**21** Мен, Павел, бул сәлемнаманы өз қолым менен жазып атырман. **22** Ийемизди сүймейтуғын адамға нәлет болсын! О Ийемиз, келе гөр! **23** Ийемиз Ийсаның мийрими сизлерге яр болсын! **24** Мен сизлердиң ҳәммеңизди Масийх Ийсаның сүйиспеншилиги менен сүйемен. Аўмийин.

---

[a] **16:19** *Азия үлкеси* – ҳәзирги Туркия елиниң қубла-батыс бөлегинде болған бир үлке.

# Коринфлилерге жазылған екинши хат

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Бул хатты елши Павел Коринфтеги исениўши жәмәәтке жазған.

Павел бул хаттан бурын Коринфтеги исениўши жәмәәтке хат жибергенде, олардың қәте-кемшиликлерин әшкаралап, ақыл-нәсият бергенде, көп исениўшилер оған қулақ асып, тәўбе еткен еди. Деген менен, олардың арасындағы айырым адамлар Павелдиң сөзлерин тыңламай, кеңеслерине бийпәрўа қараған еди. Және де, усы адамлар жалған елшилердиң сөзине ерип, Павелдиң ҳақыйқаттан елши екенине гүман туўғызған ҳәм оны ҳәр түрли сөзлер менен айыплаған еди.

Павел бул хатында ескертиўлерине қулақ асқан исениўшилерди мақтап, олардың өзгергени себепли, өз қуўанышын билдиреди. Және Павел өзиниң хызмети ҳаққында ҳәм елши сыпатында бийликке ийе екени ҳаққында да оларға гүўалық береди ҳәм мүтәжликте жасап атырған Ерусалимдеги исениўшилерге жиберилетуғын ақшалай жәрдемди таярлап қойыўды тапсырады. Хаттың кейинги бапларында Павел Коринфтеги исениўшилер менен өзиниң арасындағы қатнасты бузып атырған жалған елшилерге қулақ аспаўды ҳәм дурыс тәлиматқа тийкарланыўды исениўшилерге қатаң ескертеди.

---

### Сәлемнама

1 1 Қудайдың қәлеўи менен Масийх
Ийсаның елшиси болған мен,
Павелден ҳәм туўысқанымыз Тимофейден, Коринф қаласындағы
Қудайдың жәмәәтине ҳәм пүткил
Ахая үлкесиндеги[a] барлық мухаддеслерге[b] сәлем!
2 Әкемиз Қудай ҳәм Ийемиз Ийса
Масийх сизлерге мийрим ҳәм тынышлық берсин!

---

[a] **1:1** *Ахая үлкеси* – Коринф қаласы Ахая үлкесиниң бас қаласы болды.
[b] **1:1** *Мухаддеслер* – Ийсаға исениўшилер.

## Қудай толық жубаныш береди

3 Қудайға, яғный Ийемиз Ийса
Масийхтың Әкесине алғыслар бол-
сын! Ол бизлердиң реҳимли Әке-
миз ҳәм толық жубаныш бериўши
Қудай. 4 Қудай бизлерге барлық
қыйыншылықларымызда жуба-
ныш береди. Солай етип, бизлер
де Қудайдан алған жубаныш пе-
нен ҳәр қыйлы қыйыншылықларда
болған адамларға жубаныш бере
аламыз. 5 Себеби Масийх шеккен
азап-ақыретлерди бизлер қан-
шелли көп шексек, Қудай бизлер-
ге Масийх арқалы соншелли үлкен
жубаныш береди. 6 Бизлер көрип
атырған қыйыншылық сизлердиң
жубаныш алыўыңыз ҳәм қутқары-
лыўыңыз ушын болып атыр. Биз-
лердиң жубаныш алыўымыз да
сизлердиң жубаныш алыўыңыз
ушын болып атыр. Сизлер өзле-
риңиз алған усы жубаныш арқалы
бизлер шеккен азап-ақыретлер ме-
нен бирдей болған азап-ақыретлер-
ге шыдай аласызлар. 7 Бизлердиң
сизлерге байланыслы болған үми-
тимиз беккем. Өйткени сизлердиң
тек азап-ақыретлеримизге емес, ал
алған жубанышымызға да шерик
екениңизди билемиз.

8 Туўысқанларым, Азия үлке-
синде[a] көрген қыйыншылықла-
рымыздан сизлердиң хабарсыз
қалыўыңызды қәлемеймиз. Биз-
лер шектен тыс аўыр қыйыншы-
лық астында болып, тири қалыўдан
да үмитимизди үзген едик. 9 Иши-
мизден өзимизди өлимге ҳүким
етилгендей сездик. Бирақ бул өз-
леримизге емес, ал өлилерди ти-
рилтетуғын Қудайға сүйениўимиз
ушын болды. 10-11 Қудай бизлер-
ди усындай үлкен өлим қәўпинен
қутқарды ҳәм еле де қутқара бере-
ди. Сизлердиң дуўаларыңыздың
жәрдеминде Қудай бизлерди еле
де қутқара береди деп, бизлер Он-
нан үмит етемиз. Көп адамлардың
еткен дуўаларына Қудай жуўап бе-
рип, бизлерди қутқарғанлықтан,
көплер бизлер ушын Қудайға шү-
кирлик билдиреди.

## Павелдиң сапарының өзгериў себеби

12 Бизлер мақтаныш тутатуғын
ҳәм пәк ҳүжданымыз бенен гүўа-
лық беретуғын нәрсемиз мынаў:
бизлер дүньяға, әсиресе сизлер-
ге адамның даналығы менен емес,
ал Қудайдың мийрими менен,
Қудайдан келген ҳадаллық* ҳәм
ҳақ нийет пенен қатнас жасадық.
13-14 Бизлер сизлерге оқып түсине
алатуғын нәрселерди ғана жазып
атырмыз. Ҳәзир бизлерди толық
түсинбесеңиз де, ўақты келгенде
толық түсинетуғыныңыздан үмит
етемен. Солай етип, Ийемиз Ийса-
ның күнинде бизлердиң мақтаны-
шымыз сизлер болатуғыныңыз
сыяқлы, сизлердиң мақтанышы-
ңыз да бизлер боламыз.

15 Усындай исеним менен сизлер-
ди еки есе қуўанышқа бөленсин
деп, сизлерге барыўды бурын ни-
йет еткен едим. 16 Македонияға ба-
ратырғанымда да, Македониядан

---

a **1:8** *Азия үлкеси* – ҳәзирги Туркия елиниң қубла-батыс бөлегинде болған бир үлке.

қайтып киятырғанымда да, сиз-
лерге барыўды нийет еткен едим.
Соңынан сизлер мени Яҳудияға
шығарып саларсыз деп ойлаған
едим. 17 Усылай нийет етип, мен
жеңилтеклик қылыппан ба? Мени
денесиниң қәлеўи бойынша кеў-
линде «яқ» деп ойлап, аўзы менен
«аўа» дейтуғын адам деп есаплай-
сызлар ма? 18 Мен Қудайдың са-
дықлығы ҳақы ант ишемен: бизлер
еки жүзли адамлар емеспиз. Бизлер
сизлерге сөйлегенимизде, «яқ» деп
ойлап, «аўа» деп айтпадық. 19 Биз-
лер тәрепимизден, яғный мен тә-
репимнен, Сила[a] ҳәм Тимофей
тәрепинен сизлерге жәрияланған
Қудайдың Улы Ийса Масийх ҳәм
«аўа», ҳәм «яқ» емес. Онда тек «аўа»
ғана бар. 20 Қудайдың барлық ўәде-
лери Масийх арқалы «аўа» болып,
толық орынланады. Сонлықтан
Қудайдың даңққа бөлениўи ушын,
Масийх арқалы Қудайға «аўмийин»
деймиз. 21 Бизлер менен сизлердиң
Масийх пенен болған байланысы-
мызды беккем қылған ҳәм бизлер-
ди хызметке тайынлаған Қудайдың
Өзи болады. 22 Ол бизлерди мөрлеп
тамға басты ҳәм буның дәлили сы-
патында Мухаддес Руўхты жүре-
гимизге жайластырды.

23 Мениң жүрегимде не бар еке-
нин билетуғын Қудайдың Өзи
гүўа: сизлерди аяғаным себепли,
усы ўақытқа дейин Коринфке бар-
маған едим. 24 Бизлер сизлердиң
исенимиңиздиң үстинен бийлик
орнатқымыз келмейди. Керисин-
ше, сизлердиң қуўаныўыңыз ушын,
бизлер сизлер менен бирликте
мийнет етип атырмыз. Себеби сиз-
лер исенимде беккем турсызлар.

2 1 Солай етип, сизлерди және
қапа қылмайын деп, сизлер-
ге бармаўға кеўлимде қарар еттим.
2 Өйткени егер мен сизлерди және
қапа қылсам, онда мени ким қуўан-
тады? Өзим қапа қылған сизлерден
басқа, ким кеўлимди көтереди? Әл-
бетте, ҳеш ким! 3 Сонлықтан мен бар-
ғанымда, қуўантыўы керек болған
адамлар мени қапа қылмаўы ушын,
сол хатты жазып жиберген едим. Се-
беби мениң қуўанышым сизлердиң
ҳәммеңиздиң қуўанышыңыз екени-
не исенген едим. 4 Мен сол хатты
терең қайғырып, жүрегим езилип,
көз жасларымды төгип отырып жаз-
дым. Бундағы мақсетим – сизлерди
қапа қылыў емес, ал сизлерге деген
шексиз сүйиспеншилигимди бил-
дириў еди.

### Гүна ислеген адамды кешириў ҳаққында

5 Егер араңызда бир адам[b] басқа-
ларды қапа қылған болса, ол тек
мени емес, ал қандай да бир дәре-
жеде сизлердиң ҳәммеңизди қапа
қылған болады. Мен буны асы-
рып айтып атырған жоқпан. 6 Бул
адамға көпшилик тәрепинен берил-
ген жаза жетерли болады. 7 Солай
етип, ол ҳәдден тыс қайғырмаўы
ушын оны кеширип, жубаныш
бергениңиз мақулырақ болады.
8 Сонлықтан оған деген сүйиспен-
шилигиңизди дәлиллеўиңизди

---

[a] **1:19** *Сила* – грекше текстте бул аттың басқа варианты Силванус.
[b] **2:5** 1Кор 5:1.

өтиниш етемен. [9] Ҳәр бир исте сөзиме қулақ асатуғыныңызды ямаса аспайтуғыныңызды сынап билиў ушын, мен сизлерге сол хатты жазған едим. [10] Сизлер оны кеширсеңиз, оны мен де кеширемен. Егер мен оны кеширген болсам, оны сизлер ушын Масийх алдында кеширдим. [11] Солай етип, шайтанның аўҳалдан пайдаланып, пәнт бериўине жол қоймайық. Өйткени бизлер оның жаўыз жобаларынан хабарсыз емеспиз.

[12] Мен Масийхтың Хош Хабарын жәриялаў ушын Троасқа барғанымда, Ийемиз маған көп мүмкиншилик берген еди. [13] Деген менен, туўысқанымыз Титусты сол жерде ушырата алмағаным себепли, руўхым тынышсызланды. Сонлықтан сол жердегилер менен хошласып, Македонияға кеттим[a].

[14] Қудайға шүкирлер болсын! Ол бизлерди бәрқулла Масийхтың жеңисиниң салтанатлы жүрисинде жетелеп жүреди ҳәм бизлер арқалы ҳәмме жерде Масийх ҳаққында билимди хош ийис сыяқлы тарқатады. [15] Себеби бизлер қутқарылып атырғанлар арасында да, набыт болып атырғанлар арасында да, Масийхтың Қудайға бағышлаған хош ийисимиз. [16] Бизлер Хош Хабарды жәриялаған ўақтымызда, набыт болып атырғанлар ушын өлимге апаратуғын өлим ийисимиз. Ал қутқарылып атырғанлар ушын өмир беретуғын өмир ийисимиз. Негизинде, бундай хызметке ылайықлы ҳеш ким жоқ! [17] Өйткени өз пайдасы ушын Қудайдың сөзин сатып беретуғын көп адамлар бар. Бирақ, бизлер ондай адамлар емеспиз. Бизлер Қудай тәрепинен жиберилген ҳәм Масийхқа тийисли болған адамлар сыпатында Хош Хабарды Қудай алдында ҳақ кеўил менен жәриялаймыз.

### Жаңа келисимниң хызметшилери

**3** [1] Бизлерди және өзлерин мақтап атыр, деп ойлайсыз ба? Айырым адамлар сыяқлы, сизлерге көрсетиў ушын ямаса сизлерден алып басқаларға көрсетиў ушын, минезлемемиз жазылған хатларға мүтәжбиз бе?
[2] Бизлердиң минезлеме хатымыз – сизлер боласызлар. Бул хат бизлердиң жүреклеримизде* жазылған болып, оны барлық адамлар биледи ҳәм оқыйды. [3] Сизлер ҳақыйқаттан да, бизлердиң хызметимиз арқалы жазылған Масийхтың хаты екениңизди анық көрсетесизлер. Бул хат сыя менен емес, ал тири Қудайдың Руўхы менен жазылды ҳәм ол тасқа емес, ал адамлардың жүреклерине ойып жазылды.

[4] Бизлер Масийх арқалы Қудай алдында усындай исенимге ийе болғанымыз себепли, буларды айтып атырмыз. [5] Бизлер хызметимизди уқыплы болғанымыз себепли атқарып атырмыз, демекши емеспен. Бизлердеги бар уқып өзимизден шықпаған, ал Қудайдан берилген. [6] Қудай бизлерди жаңа келисимниң хызметшилери қылды. Жаңа келисим жазылған нызам тийкарында емес, ал Мухаддес Руўх тийкарында пайда болды.

---

a **2:13** 2Кор 7:6.

Себеби жазылған нызам өлимге
ҳүким етеди, ал Муҳаддес Руўх
өмир береди.
7 Тасқа ойып жазылған ҳәрип-
лерден ибарат болған Муҳаддес
Нызам уллылық пенен берилген-
ликтен, Израил халқы Муўсаның
жүзинен шыққан өткинши нурға
қарай алмаған еди[a]. Өлимге ҳү-
ким ететуғын Муҳаддес Нызамға
хызмет етиў соншелли уллы болса,
8 онда өмир беретуғын Муҳаддес
Руўхқа хызмет етиў оннан анағур-
лым көп уллылыққа ийе емес пе?
9 Адамды ҳүким еткен Муҳаддес
Нызамға хызмет етиў уллы бол-
ған болса, ақланыў беретуғын жа-
ңа келисимге хызмет етиў оннан
гөре қаншелли уллырақ болады!
10 Ҳақыйқаттан да, жоқары уллы-
лыққа ийе болған жаңа келисим
пайда болғанда, бурын уллылық-
қа ийе болған Муҳаддес Нызам өз
уллылығын жойтты. 11 Солай етип,
өткинши болған нәрсе уллы бол-
са, мәңги қалатуғын нәрсе оннан
да уллырақ.
12 Усындай үмитке ийе болға-
нымыз себепли үлкен батырлық
пенен сөйлей аламыз. 13 Бизлер жү-
зиндеги өшип баратырған нурды
Израил халқына көрсетпеў ушын
жүзин перде менен жапқан Муў-
са сыяқлы ис тутпаймыз. 14 Би-
рақ, Израил халқының жүреги
қайсар болғанлықтан, ҳәтте, усы
күнге дейин олар Ески Келисимди
оқығанда, олардың санасы сондай
перде менен жабыўлы турғандай
болады. Өйткени бул перде тек
Масийх арқалы алып тасланады.
15 Ҳақыйқаттан да, усы күнге дейин
олар Муўсаның китабын оқығанда,
жүреклери перде менен жабылған-
дай болып түсинбейди. 16 Деген ме-
нен, адам Ийемизге жүз бурғанда,
сол перде алып тасланады. 17 Ийе-
миз – Руўх. Ийемиздиң Руўхы бар
жерде азатлық бар. 18 Бизлердиң
ҳәммемиз пердесиз жүз бенен Ийе-
миздиң уллылығын көремиз. Сол
арқалы Оған уқсаў ушын өзгерип,
уллылық үстине уллылыққа ери-
сип барамыз. Бул Руўх болған Ийе-
миздиң жәрдеминде иске асады.

### Ылай ыдыслардағы ғәзийне

4 1 Сонлықтан биз хызметшилер
бул хызметти Қудайдың мий-
рим-шәпәәти менен ислеп атыр-
ғанымыз себепли, руўхымызды
түсирмеймиз. 2 Бизлер жасырын
ҳәм уят ислеримизди таcладық, ҳий-
лекерлик пенен ҳәрекет қылмай-
мыз. Қудайдың сөзин бурмаламай,
ҳақыйқатты ашық айтыўымыз ар-
қалы өзимизди Қудай алдында ҳәр
бир адамның ҳүжданына тапсыра-
мыз. 3 Егер бизлер жәриялап атырған
Хош Хабар жабық болса, ол набыт
болатуғынлар ушын жабық бола-
ды. 4 Исенбейтуғын бундай адамлар
Хош Хабардың жақтысын көрмесин
деп, бул дүньяның ҳәкими – шай-
тан олардың жүрек көзлерин соқыр
еткен. Хош Хабар Қудайдың қан-
дай екенин көрсеткен Масийхтың
даңқын билдиреди. 5 Бизлер өзле-
римиз ҳаққында жәриялап атыр-
ған жоқпыз. Ал Масийх Ийсаны
ҳәммемиздиң Ийемиз деп, Ийса
ушын сизлердиң хызметшилериңиз

---

a **3:7** Шығ 34:29.

екенлигимиз ҳаққында жәриялап
атырмыз. 6 Себеби «Қараңғылық-
тан нур жарқырасын»,[a] – деп бу-
йырған Қудай Масийхтың жүзинде
жарқыраған Өзиниң даңқын били-
ўимиз ушын жүреклеримизди жақ-
ты қылды.
7 Биз елшилер усы ғәзийнени
ылай ыдыс сыяқлы болған де-
немизде алып жүрмиз. Бул ул-
лы қүдиреттиң бизлерден емес,
ал Қудайдан екенлиги көринип
тур. 8 Бизлер ҳәр тәрепleme қыс-
қыдамыз, бирақ езилмеймиз. Ал-
быраймыз, бирақ үмитсизликке
берилмеймиз. 9 Қуўдаланамыз, би-
рақ Қудай бизлерди таслап кетпей-
ди. Бизлерди жығылтады, бирақ
жоқ болып кетпеймиз. 10 Ийсаның
өмири денемизде ашық көринсин
деп, бизлер бәрқулла азап шегип,
Ийсаның өлимине шерик бола-
мыз. 11 Өйткени Ийсаның өмири
бизиң өлетуғын денемизде ашық
көринсин деп, жасап атырған биз-
лер Ийса ушын өлим қәўпине үз-
ликсиз дуўшар болып атырмыз.
12 Солай етип, бизлердиң өлим қәў-
пине дуўшар болып атырғанымыз
арқалы сизлер мәңгилик өмирге
ерисип атырсызлар.
13 Забурда: «Мен исендим ҳәм со-
ның ушын сөйледим»,[b] – деп жа-
зылған. Усындай исенимди пайда
еткен Мухаддес Руўхқа ийе бол-
ғанымыз себепли, бизлер де исе-
немиз ҳәм сонлықтан сөйлеймиз.
14 Себеби Ийемиз Ийсаны өлимнен
тирилткен Қудайдың бизлерди де
Ийса менен бирге тирилтетуғынын
ҳәм сизлер менен бирликте Өзи-
ниң алдында турғызып қоятуғы-
нын билемиз. 15 Булардың ҳәммеси
сизлердиң пайдаңыз ушын болып
атыр. Солай етип, бизлердиң ба-
сымыздан кеширген қыйыншы-
лықларымыз себепли, Қудайдың
сизлерге деген мийрими артады.
Сол мийрим еле де көп адамлар-
ға жетип барыўы арқалы Қудайға
көп шүкирликлер айтылады ҳәм
Ол даңққа бөленеди.

### Өткинши қыйыншылықлар ҳәм мәңгилик даңқ

16 Сонлықтан руўхымызды тү-
сирмеймиз. Бизлердиң көринету-
ғын денемиз тозып баратырған
болса да, ишки дүньямыз күннен-
күнге жаңаланып атыр. 17 Өйтке-
ни ҳәзирги өткинши ҳәм арзымас
қыйыншылықларымыз бизлер-
ге ҳәдден тыс уллы ҳәм мәңгилик
даңқ алып келеди. 18 Бизлер көзге
көринетуғын қыйыншылықларға
емес, ал көзге көринбейтуғын ул-
лылыққа қараймыз. Себеби көзге
көринетуғын нәрселер өткинши,
ал көзге көринбейтуғын нәрселер
мәңги болады.

5 1 Бизлер ишинде жасап атыр-
ған дүньядағы бул шатырымыз,
яғный денемиз қыйралғанда, Қудай
бизлерге адамның қолы менен қурыл-
маған аспандағы мәңгилик үйимиз-
ди, яғный жаңа денени беретуғынын
билемиз. 2 Аспандағы үйимизди, яғ-
ный жаңа денемизди кийим сыяқлы
кийиўди қатты күсеп, ҳәзир бизлер

---

[a] **4:6** Жар 1:3.
[b] **4:13** Заб 115:1.

дүньядағы шатырымызда, яғный
денемизде «аҳ» урмақтамыз. 3 Оны
кийсек, бизлер жалаңаш қалмаймыз.
4 Бизлер дүньядағы шатырымызда,
яғный денемизде жасап жүрип, аўыр
жүк астында қыйналмақтамыз. Не-
гизинде дүньядағы денемизди ше-
шип таслаўды емес, ал оның үстинен
аспандағы денемизди кийиўди қә-
леймиз. Солай етип, өлетуғын дене
мәңгилик өмир тәрепинен жутып
жибериледи. 5 Бизлерди усы ушын
таярлаған ҳәм буның кепили сыпа-
тында бизлерге Мухаддес Руўхты
берген Қудайдың Өзи болады.

6 Сонлықтан денеде жасап атыр-
ған ўақтымызда Ийемиздиң аспан-
дағы мәканынан узақта екенимизди
билсек те, бизлер бәрқулла батыр-
лыққа ийемиз. 7 Өйткени бизлер
көзге көринетуғын нәрселерге емес,
ал исенимимизге сүйенип жасай-
мыз. 8 Аўа, батырлыққа ийемиз
ҳәм денеден шығып, Ийемиз бе-
нен бирге жасағанымыз жақсырақ
деп ойлаймыз. 9 Бирақ денеде жа-
сасақ та, денеден шығып кетсек те,
бизлер Ийемиздиң кеўлинен шы-
ғыўға қатты тырысамыз. 10 Себеби
денеде жасаған ўақтымызда исле-
ген жақсы исимиз ушын да, жаман
исимиз ушын да ылайықлы баҳа
алыў ушын, ҳәр биримиз Масийх-
тың ҳүким гүрсисиниң алдында
турыўымыз керек.

### Жарастырыўшылық хызмети

11 Солай етип, бизлер Ийемизден
қорқыўдың не екенин билгенимиз
себепли, адамларды ақылланды-
рыўға ҳәрекет етемиз. Бизлердиң
қандай екенлигимиз Қудайға аян.
Бизлердиң қандай екенлигимизди
сизлер де жақсы билетуғыныңыз-
дан үмит етемен. 12 Бизлер және
сизлерге өзлеримизди усыныўға
ҳәрекет етип атырған жоқпыз. Би-
рақ ишки дүньясы менен емес, ал
сыртқы көриниси менен мақтана-
туғын адамларға ылайықлы жуўап
бериўиңиз ушын, сизлерге бизлер
менен мақтаныўға мүмкиншилик
берип атырмыз. 13 Егер бизлер руў-
хый өзгеше аўҳалда болсақ, онда
бул Қудай ушын. Егер әпиўайы
аўҳалда болсақ, онда бул сизлер
ушын. 14 Усылай ислеўге бизлер-
ди Масийхтың сүйиспеншилиги
мәжбүр етеди. Өйткени бир Адам,
яғный Масийх ҳәмме ушын өл-
генликтен, ҳәмме Оның өлимине
шерик болған болады, деген жуў-
мақќа келдик. 15 Аўа, Масийх ҳәм-
ме ушын өлди. Солай екен, жасап
атырғанлар енди өзлери ушын емес,
ал өзлери ушын өлген ҳәм қайта ти-
рилген Масийх ушын жасаўы шәрт.

16 Сонлықтан бизлер енди ҳеш
кимге дүньяның көз қарасы менен
қарамаймыз. Масийхқа бурын усы-
лай қараған болсақ та, енди олай
қарамаймыз. 17 Солай етип, ким де
ким Масийх пенен байланысқа ийе
болса, ол – жаңа жаратылыс. Ески
нәрселер өтип кетти, минекей, енди
ҳәммеси жаңа болды. 18 Буның ҳәм-
меси Қудайдан. Қудай Масийх арқа-
лы бизлерди Өзи менен жарастырды
ҳәм адамларды Өзи менен жарасты-
рыў хызметин бизлерге тапсырды.
19 Яғный, Қудай Масийх арқалы
дүньяны Өзи менен жарастырып,
адамлардың гүналарын есапқа ал-
мады ҳәм усы жарастырыўшы сөз-
лерди бизлерге берди. 20 Солай етип,
бизлер Масийхтың елшилеримиз.

Қудайдың Өзи бизлер арқалы сизлерге ақыл-нәсият берип атыр. Масийхтың атынан жалбарынамыз: Қудай менен жарасыңлар! 21 Қудай бизлердиң гүналарымызды ҳеш қашан гүна ислемеген Масийхқа жүкледи. Масийх пенен байланысқа ийе болған бизлер Қудай алдында усы арқалы ақландық.

6 1 Қудай менен бирге мийнет етип атырған бизлер сизлерден өтиниш етемиз: өзлериңиз қабыл қылған Оның мийримине итибарсызлық пенен қарамаң. 2 Себеби Қудай былай дейди:

«Мийримим түскен ўақытта
сени еситтим,
Қутқарылыў күнинде саған
жәрдем бердим».[a]

Минекей, ҳәзир Қудайдың мийрими берилетуғын ўақыт болды! Минекей, ҳәзир қутқарылыў күни келди!

### Павел көрген қыйыншылықлар

3 Хызметимизге сөз келмесин деп, ҳеш кимге ҳеш бир нәрседе тосқынлық жасамаймыз. 4 Ал ҳәмме нәрседе Қудайдың хызметкерлери сыпатында ис тутамыз: қыйыншылық көрсек те, мүтәжликте ҳәм аўыр жағдайларда қалсақ та, шексиз сабырлы болдық. 5 Және де, таяқ жедик, қамақта отырдық, топалаң ишинде қалдық, аўыр мийнет еттик, түнлерди уйқысыз өткиздик, аш қалдық. 6 Солай болса да, бизлер пәк болдық, дурыс түсиник, шыдамлылық, кең кеўил, Мухаддес Руўх ҳәм ҳақыйқый сүйиспеншилик пенен жасадық. 7 Ҳақыйқат сөзин айтып, Қудайдың қүдиретин көрсеттик. Оң ҳәм шеп қолымызда ҳақлық қуралын услап жүрдик. 8 Бизлерди ҳүрмет те етеди, масқаралайды да, бизлерге сөгис те айтады, мақтайды да. Бизлерди өтирикшилер деп есаплайды, бирақ бизлер ҳақыйқатты айтамыз. 9 Бизлерди белгисиз адамлар деп санайды, бирақ ҳәммеге белгилимиз. Бизлерди өлген деп есаплайды, бирақ, мине, тиримиз. Жазаланып таяқ жесек те, өлмей атырмыз. 10 Бизлерди қапа қылады, бирақ бизлер бәрқулла қуўанышлымыз. Жарлымыз, бирақ көп адамларды байытамыз. Ҳеш нәрсемиз болмаса да, ҳәмме нәрсеге ийемиз.

11 Ҳәй коринфлилер, бизлер сизлерге ашық сөйлеп, жүрегимизди кең аштық. 12 Сизлерден мийримимизди аямадық, бирақ сизлер бизлерден өз мийримиңизди аядыңыз. 13 Сизлерге балаларыма сөйлегендей, сөйлеп атырман: бизлер сыяқлы, сизлер де бизлерге жүреклериңизди кең ашыңлар.

### Бизлер – Қудайдың ибадатханасымыз

14 Исенбейтуғынлар менен бирге бир мойынтырықтың астына кирмеңлер. Өйткени ҳақлық пенен нызамсызлықтың арасында қандай уқсаслық бар? Нур менен қараңғылықтың арасында қандай байланыс бар? 15 Масийх пенен шайтанның арасында қандай келисим ҳәм исенетуғын адам менен исенбейтуғын адамның арасында

---

a **6:2** Ийш 49:8.

қандай шериклик болыўы мүмкин?
**16** Қудайдың ибадатханасы менен
бутлар арасында қандай бирлик
болыўы мүмкин? Ҳеш қандай! Се-
беби бизлер тири Қудайдың иба-
датханасымыз. Қудай былай дейди:
«Мен олар арасында жасап,
Олар арасында жүретуғын
боламан».[a]
«Мен олардың Қудайы боламан,
Олар Мениң халқым болады».[b]
**17** Сол себептен Жаратқан Ийе бы-
лай дейди:
«Олардың арасынан шығып,
бөлекрлениң.
Ҳарам нәрсеге қол тийгизбең,
Сонда Мен сизлерди қабыл
етемен».[c]
**18** Және де, Қүдирети күшли
Жаратқан Ийе былай дейди:
«Мен сизлерге Әке боламан,
Сизлер Мениң ул-қызларым
боласызлар».[d]

**7** **1** Солай етип, сүйикли туўыс-
қанларым, усындай ўәделерге
ийе болғанымыз себепли, денемизди
ҳәм руўхымызды ипласлайтуғын ҳәр
бир нәрседен өзлеримизди тазала-
йық. Қудайдан қорқып жасап, минсиз
мухаддесликке жетилисип барайық.

### Коринфтеги жәмәәт ушын Павелдиң қуўаныўы

**2** Бизлерге жүреклериңизди кең
ашыңлар. Бизлер ҳеш кимге жа-
манлық ислемедик, ҳеш кимди
жолдан азғырмадық, ҳеш кимди
алдап, ҳақысын жемедик. **3** Буны
сизлерди айыплаў ушын айтып
атырған жоқпан. Өйткени бурын
айтқанымдай, сизлер бизлердиң
жүрегимиздесиз. Сизлер менен
бирге өлиўге де, жасаўға да қайыл-
мыз. **4** Мениң сизлерге деген исени-
мим күшли ҳәм мен сизлер менен
көп мақтанаман. Қыйыншылық-
ларымыз көп болса да, мен сизлер
себепли шексиз қуўаныш алып, жу-
банышқа бөлендим.
**5** Бизлер Македонияға келге-
нимизден кейин де денемиз ҳеш
тыныш таппай, ҳәр тәреплеме қы-
йыншылық көрдик: сыртта жән-
жел, жүрегимизде қорқыныш бар
еди. **6** Бирақ, руўхы түскен адам-
ларға жубаныш бериўши Қудай
Титустың сизлер беттен қайтып
келгени арқалы бизлерге жубаныш
берди. **7** Бизлер тек оның қайтып
келгени арқалы емес, ал сизлер-
диң оған берген жубанышыңыз
арқалы да жубаныш алдық. Титус
бизлерге сизлердиң мени қаншел-
ли сағынғаныңызды, қылған ис-
ҳәрекетлериңиз себепли өкинип
атырғаныңызды ҳәм мени жақлаў-
ға урынып атырғаныңызды айтып
бергенде, мен оннан бетер қуўа-
нып кеттим.
**8** Мен жазған хатым менен сиз-
лерди қапа қылған болсам да, өкин-
беймен. Сол хатымның сизлерди
аз-маз ўақытқа қапа қылғанын
билгенимде, мен өкинген едим.
**9** Бирақ, енди қуўанып атырман.

---

a **6:16** Леб 26:11-12; Езк 37:27.
b **6:16** Ерм 31:1; 32:38.
c **6:17** Ийш 52:11; Езк 20:34, 41.
d **6:18** 2Пат 7:8, 14.

Мен сизлердиң қапа болғаныңызға емес, ал бул қапашылықтың сизлерди тәўбеге әкелгенине қуўанып атырман. Бул қапашылық Қудайдың қәлеўи бойынша болғанлықтан, сизлер бизлер себепли ҳеш қандай зыян көрмедиңлер. [10] Себеби Қудайдың қәлеўи менен берилген қапашылық адамды тәўбеге алып келеди ҳәм адам бул арқалы қутқарылыў алады. Бундай қапашылық өкиниў алып келмейди. Бирақ, дүньяның қапашылығы өлимге алып барады. [11] Қараңлар, Қудайдың қәлеўи менен болған бул қапашылық сизлерде қаншелли инта, өз пәклигиңизди дәлиллеўге қатты умтылыў, наҳақлыққа деген күшли ғәзеп, қаншелли қорқыныш, маған деген соншелли сағыныш, қаншелли талпыныў ҳәм айыпкер адамды жазалаўға күшли тилек оятты. Сизлер сол исте[a] өзлериңиздиң ҳәр тәреплеме пәк екениңизди көрсеттиңиз. [12] Сизлерге буннан алдынғы хатты жазғанымда, наҳақлық ислеген адам ямаса наҳақлықтан жәбир көрген адам себепли жазған жоқпан. Ал, сизлердиң бизлерге деген ықласыңыздың Қудай алдында аян болыўы ушын жазған едим. [13] Бизлер булардың ҳәммеси арқалы жубаныш таптық.

Жубанышымызға қосымша Титустың қуўанышы бизлерди оннан да көбирек қуўандырды. Өйткени сизлердиң ҳәммеңиз оның руўхын көтерипсиз. [14] Мен сизлерди оның алдында мақтаған едим, сизлер мени уятқа қалдырмадыңлар. Сизлерге айтқан ҳәр бир сөзимиз ҳақыйқат болғаны сыяқлы, сизлерди Титусқа айтып мақтаған сөзлеримиз де ҳақыйқат болып шықты. [15] Ол ҳәммеңиздиң сөзге бойсынатуғыныңызды, өзин ҳүрмет ҳәм иззет пенен қабыл алғаныңызды еске алып, оның сизлерге деген сүйиспеншилиги және де артып атыр. [16] Солай етип, мен сизлерге ҳәр бир исте исене алатуғыным себепли қуўанаман.

## Сақыйлық пенен садақа бериў ҳаққында

**8** [1] Туўысқанлар, бизлер сизлерге Қудайдың Македониядағы исениўши жәмәәтлерге берген мийрими ҳаққында билдиргимиз келеди. [2] Олар аўыр қыйыншылықлар менен сыналған болса да, қуўанышқа толды, жүдә кәмбағал болса да, шексиз сақыйлық көрсетти. [3] Жағдайлары көтергенше, ҳәтте, жағдайларынан артық дәрежеде олардың өз қәлеўи менен сақыйлық көрсеткенине мен өзим гүўалық беремен. [4] Олар Яҳудиядағы мухаддеслерге берилетуғын жәрдемге, яғный усы қайырлы иске қатнасыўды өтиниш етип, бизлерге жалбарынған еди. [5] Олар бизлер үмит еткенимизден де зыят берип, Қудайдың қәлеўи менен өзлерин биринշиден Ийемизге, соңынан бизлерге бағышлады.

[6] Сонлықтан бурын сизлердиң араңызда бул қайырлы исти баслаған Титустан оны жуўмақлаўын өтиндик. [7] Сизлер Масийхқа деген исенимде, Қудайдың сөзин сөйлеўде, ҳақыйқатты билиўде, инта

---

[a] **7:11** 1Кор 5:1.

менен хызмет етиўде, бизлерге
деген сүйиспеншиликте*, улыўма
ҳәмме нәрседе үстинсиз. Сол сы-
яқлы, бул қайырлы исте де сизлер-
диң үстин болыўыңызды қәлеймиз.
8 Буны буйрық ретинде айтып
атырған жоқпан. Ал, басқа жәмә-
әтлердиң интасы ҳаққында айтып,
сизлердиң сүйиспеншилигиңиз-
диң ҳақыйқыйлығын сынап көрип
атырман. 9 Себеби сизлер Ийемиз
Ийса Масийхтың мийримин би-
лесизлер: Ол Өзи бай бола тура,
сизлер ушын бул дүньяда жарлы
болды. Оның жарлылығы менен
сизлер руўхый байлыққа ийе бол-
дыңыз.
10 Бул бойынша мен сизлерге бир
пайдалы кеңес беремен. Сизлер өт-
кен жылы өз қәлеўиңиз бенен жәр-
дем ақшаны жыйнаўды биринши
болып баслаған единңлер. 11 Енди
сол исти ақырына дейин жеткиз-
гениңиз мақул. Солай етип, баста
қандай инта менен баслаған бол-
саңыз, сондай инта менен жуўмақ-
лаўға қолларыңыздан келгенше
тырысыўыңыз тийис. 12 Егер сизлер
өзлериңизде бар нәрсени инта ме-
нен берсеңиз, Қудай оны ырзашы-
лық пенен қабыл етеди. Бирақ, Ол
сизлерде жоқ нәрсени талап етпей-
ди. 13 Басқалардың аўҳалын жеңил-
летиў ушын сизлерге аўырманлық
салыў керек, демекши емеспен. Ал
теңлик болыўы керек, демекшимен.
14 Ҳәзирги сизлердеги молшылық
олардың жетпей турған нәрсесин
толықтырады. Ал соңынан олар-
дағы молшылық сизлердеги жет-
пей турған нәрсени толықтырады.
Солай етип, теңлик болады. 15 Му-
қаддес Жазыўда: «Көп жыйна-
ғанның артығы, аз жыйнағанның
кемиси болмады»,[a] – деп айтыл-
ғандай болады.

### Титус ҳәм еки туўысқан

16 Мениң кеўлимдеги сизлерге
деген интаны Титустың да кеўлине
салған Қудайға шүкирлер болсын!
17 Өйткени ол тек бизлердиң өти-
нишимиз бойынша емес, ал өзинде
сизлерге деген терең инта болған-
лықтан, өз қәлеўи менен сизлер-
ге баратыр. 18 Оның менен бирге
бир туўысқанымызды да жибе-
рип атырмыз. Ол Хош Хабарды
жәриялаў бойынша барлық исениў-
ши жәмәәтлер тәрепинен мақтаўға
ерискен адам. 19 Буның үстине, бул
туўысқанымызды бизлер ислеп
атырған усы қайырлы хызметте
жолдас болсын деп, исениўши жә-
мәәтлер сайлап қойған еди. Бизлер
Ийемиздиң даңқы ушын ҳәм жәр-
дем бериўге инталы екенимизди
көрсетиўимиз ушын усы қайырлы
хызметти ислеп атырмыз. 20 Көп
ақшалар менен байланыслы болған
бул хызметимизде бизлерди ҳеш
ким айыплай алмаўы ушын, бизлер
сақлық пенен ис тутып атырмыз.
21 Себеби бизлер тек Ийемиздиң
нәзеринде емес, ал адамлардың нә-
зеринде де дурыс болған нәрсени
ислеўге тырысып атырмыз.
22 Бизлер олар менен бирге және
бир туўысқанымызды да жиберип
атырмыз. Бул туўысқанымызды та-
лай мәртебе ҳәм ҳәр түрли жағдай-
ларда сынап, оның инталы екенин

---

[a] **8:15** Шығ 16:18.

көрдик. Енди оның сизлерге деген исеними күшейгенликтен, интасы да артып атыр. [23] Титусқа келсек, ол мениң шеригим ҳәм сизлер ушын мениң менен бирге мийнет ететуғын хызметши. Оның қасындағы еки туўысқанымыз – исениўши жәмәәтлердиң ўәкиллери ҳәм Масийхқа даңқ келтиретуғын адамлар. [24] Солай етип, сизлер бул адамларға деген сүйиспеншилигиңизди дәлиллеңлер. Бул арқалы оларды жиберген исениўши жәмәәтлерге бизлердиң сизлер менен мақтанатуғынымыздың дурыс екенин көрсетиңлер.

### Мүтәжликте жасаўшы исениўшилерге жәрдем бериў

9 [1] Яҳудиядағы мухаддеслерге жиберилетуғын бул жәрдем туўралы сизлерге жазыўдың ҳәжети жоқ.
[2] Өйткени сизлердиң жәрдемге таяр екенлигиңизди билемен. «Ахая үлкесиндегилер өткен жылдан бери таяр», – деп мен Македониядағылар алдында сизлер менен мақтанып жүрмен. Сизлердиң интаңыз олардың көбисин ҳәрекетке келтирди. [3] Бул нәрседе сизлер менен мақтанғаным босқа шықпасын деп ҳәм өзим айтқанымдай, сизлерди таяр турсын деп, усы туўысқанларымызды сизлерге жиберип атырман.
[4] Себеби айырым македониялылар мениң менен бирге сизлерге барып, сизлердиң таяр емес екенлигиңизди көрсе, сизлерге қатты исенген бизлер уятқа қаламыз, сизлер де сөзсиз уятқа қаласыз. [5] Сонлықтан мен усы туўысқанларымыздан өзимнен бурын сизлерге барыўды ҳәм сизлердиң ўәде еткен жәрдемиңизди алдын ала таярлап қойыўды өтиниш еткеним дурыс деп ойладым. Солай етип, сизлер беретуғын бул жәрдем мәжбүрий түрде берилген салықтай емес, ал ыразылық пенен берилген сыйдай болсын.

[6] Мынаны умытпаңлар: сықмарланып еккен адам аз орады, сақыйлық пенен еккен адам көп орады.
[7] Ҳәр бир адам қыйналып ямаса мәжбүрий түрде емес, ал кеўлинен шыққанын берсин. Өйткени Қудай ыразы болып берген адамды сүйеди. [8] Және де, Қудай сизлерди мол мийрим менен байытыўға қудиретли. Солай етип, барлық ўақытта ҳәмме нәрсеңиз жетерли болып, ҳәр қандай жақсы иске бай боласызлар. [9] Сонлықтан Мухаддес Жазыўда былай делинген:

«Ол мүтәжлерге сақыйлық
пенен жәрдем береди,
Оның ҳақлығы мәңги даўам
етеди».[a]

[10] Дийханға себиў ушын туқым, жеў ушын нан беретуғын Қудай сизлердиң сақыйлық пенен еккен егиниңиздиң зүрәәтин мол қылып береди ҳәм ҳақлығыңыздың жемисин арттырады. [11] Аўа, Қудай сизлерди ҳәр тәреплеме байытады. Солай етип, сизлер сақый боласызлар ҳәм бизлер сизлердиң сақыйлық пенен берген сыйларыңызды апарғанымызда, алған адамлар Қудайға шүкирлик билдиреди. [12] Сизлердиң бул хызметиңиз тек Яҳудиядағы мухаддеслердиң мүтәжликлерин қанаатландырып

---

a **9:9** Заб 111:9.

қоймай, көп адамлардың Қудайға
шексиз шүкирлик айтыўына се-
беп болады. 13 Сизлердиң бул хыз-
метиңиз себепли, олар Қудайға
алғыслар айтады. Себеби сизлер-
диң бул хызметиңиз өзлериңиз тән
алған Масийхтың Хош Хабарына
бойсынатуғыныңызды, Яҳудия-
дағы мухаддеслер ҳәм көп басқа
адамлар менен сақыйлық пенен
бөлисип атырғаныңызды дәлил-
лейди. 14 Және де, Қудайдың сиз-
лерге берген мол мийрими себепли,
Яҳудиядағылар сизлерди көриўди
әрман етип, сизлер ушын дуўа ете-
ди. 15 Сөз бенен тәрийиплеп жетки-
зиў қыйын болған Қудайдың сыйы,
яғный Оның Улы ушын Қудайға
шүкирлер болсын!

### Павелдиң өз хызметин жақлаўы

10 1 «Бизлер менен бирге бол-
ған ўақтында жуўас, бирақ
арамызда болмаған ўақтында қа-
тал», – деп айырымларыңыз сөз
қылатуғын мен, Павел, Масийх-
тың мүләйимлилиги ҳәм сабырлы-
лығы менен сизлерден өтинемен:
2 сизлерге барғанымда, өзимди
қатал тутыўға мәжбүр қылмаңлар.
Өйткени бизлерди бул дүньядағы
адамлар сыяқлы денесиниң қәлеўи
бойынша жасап атыр, деп санайту-
ғын гейбиреўлерге қарсы қатал бо-
ламан деген нийетим бар. 3 Бизлер
дүньяда жасап атырған болсақ та,
дүньяның жолы менен урыспай-
мыз. 4 Бизлердиң қуралларымыз
дүньяға тийисли қураллар емес, ал
душпанның беккем қорғанларын
қыйрататуғын Қудайдың қүдире-
тине ийе болған қураллар. 5 Сол
қураллар менен сандырақ сөзлерди
ҳәм Қудайды билиўге тосқынлық
қылатуғын ҳәр қандай менменлик-
ти жоқ қыламыз, Масийхқа бой-
сынбайтуғын ҳәр бир ой-пикирди
Масийхқа туtқын етип бойсынды-
рамыз. 6 Сизлер Масийхқа толық
бойсынғаныңызда, Оған бойсын-
баған араңыздағы ҳәр бир адамды
жазалаўға таярмыз.

7 Сизлер тек сыртқы көриниске
қарап баҳа бересизлер. Егер ким
де ким өзиниң Масийхқа тийисли
екенине исенсе, онда ол бизлердиң
де Масийхқа тийисли екенимизди
билсин. 8 Ийемиздиң бизлерге бер-
ген бийлиги менен көбирек мақ-
танып кетсем де, уялмайман. Бул
бийлик сизлерди қулатыў ушын
емес, ал тиклеў ушын берилген.

9 Мен тек ғана хатларым менен
сизлерди қорқытып атырғандай
болып көрингим келмейди. 10 Се-
беби гейбиреўлер: «Хатларында ол
қатал ҳәм күшли, бирақ жүзбе-жүз
көрискенимизде ҳәлсиз ҳәм сөзге
де шебер емес», – дейди екен. 11 Би-
рақ, бундай адамлар билип қойсын:
сизлерден узақта болып, хатлары-
мызда не десек, араңызда болғаны-
мызда да, солай ис тутамыз.

12 Өзлерин әҳмийетли етип көр-
сетип атырған айырым адамлар
менен өзлеримизди теңлестирги-
миз ямаса салыстырғымыз кел-
мейди. Олар өзлерин өз өлшемлери
менен баҳалайды ҳәм өзлерин өз-
лери менен ғана салыстырады.
Олар қаншелли ақылсыз! 13 Би-
рақ, бизлер ҳәдден тыс дәрежеде
мақтанбаймыз. Ал, Қудайдың биз-
лер ушын белгилеген жер шегара-
сы ишиндеги мийнетимиз бенен

мақтанамыз. Бизлердиң араңызда
ислеген мийнетимиз де усы жер ше-
гарасы ишинде исленди. 14 Сизлер
жасайтуғын жер усы жер шегарасы
ишинде жайласқанлықтан, бизлер
сизлерге Масийхтың Хош Хабарын
биринши болып жеткизгенимизде,
шегарадан тыс шығып кетпедик.
15 Бизлер басқалардың мийнети ме-
нен мақтанып ҳәддимизден аспай-
мыз. Керисинше, исенимиңиздиң
өсиўи менен араңыздағы мийнети-
миздиң көлеми кеңейе бериўинен
үмит етемиз. 16 Солай етип, бизлер
Хош Хабарды сизлерден узағырақ
жерлерге жәриялай аламыз. Өйт-
кени басқаның ислеген хызмети
менен мақтаныўды қәлемеймиз.
17 Мухаддес Жазыўда айтылғандай:
«Мақтанатуғын адам Жаратқан
Ийе менен мақтансын».[a] 18 Себе-
би өзин өзи мақтаған адам емес,
ал Ийемиз мақтаған адам ҳақый-
қаттан қәдирлениўге ылайықлы.

### Павел ҳәм жалған елшилер

**11** 1 Мениң бираз ақылсыз адам-
дай болып енди айтатуғын
сөзлериме сизлердиң шыдаўыңыз-
ды қәлер едим. Аўа, мен сизлерден
усыны өтиниш етемен! 2 Сизлерди
Қудайдың қызғанышы менен қыз-
ғанаман. Өйткени мен сизлерди
бир пәк қыз сыяқлы жалғыз кү-
йеўге, яғный Масийхқа усынып,
Оған некеледим. 3 Бирақ, жылан-
ның Ҳаўа-енени ҳийлекерлик пе-
нен алдағанындай[b], сизлердиң
ақыл-ойларыңыздың да бузылып,
Масийхқа деген ҳақыйқый ҳәм пәк
садықлықтан аўып кетиўинен қор-
қаман. 4 Себеби биреў келип, биз-
лер жәриялаған Ийсаны басқаша
қылып жәриялағанда, сизлер исе-
несизлер. Және де, өзлериңиз алған
Мухаддес Руўхтан басқа бир руўх-
ты ҳәм өзлериңиз қабыл еткен Хош
Хабардан басқа бир «хош хабарды»
аңсат қабыл етесизлер. 5 Сизлер
«мәртебели елшилер» деп атайту-
ғын сол адамлардан мен өзимди ҳеш
бир нәрседе кем санамайман! 6 Мен
сөзге шебер болмасам да, билимим
жеткиликли. Буны сизлерге ҳәр
қандай жағдайда ҳәм ҳәр тәреплеме
ашық көрсеттик.

7 Сизлердиң мәртебели болыўы-
ңыз ушын, мен өзимди пәс қойып,
Қудайдың Хош Хабарын сизлерге
ешейин жәрияладым. Мениң усы-
лай ислегеним гүна ма? 8 Сизлер-
ге хызмет етиў ушын, мен басқа
исениўши жәмәәтлерден ақшалай
жәрдем алып, оларды тонағандай
болдым. 9 Араңызда болған ўақ-
тымда мүтәжлигим болса да, ҳеш
бириңизге аўырманлық салмадым.
Өйткени Македониядан келген
туўысқанларымыз мүтәжликле-
римниң орнын толтырды. Мен
сизлерге ҳеш бир нәрседе аўыр-
манлық салмаўға тырыстым ҳәм
буннан былай да тырыса беремен.
10 Өзимдеги Масийхтың ҳақыйқа-
ты менен билдиремен: Ахая үлке-
синдеги ҳеш бир адам мениң усы
мақтаныўымды тоқтата алмайды.
11 Мен не себептен усылай ислеп
атырман? Сизлерди сүймегеним

[a] **10:17** Ерм 9:24.
[b] **11:3** Жар 3:1-6, 13.

себепли ме? Мениң сизлерди сүйе-
туғынымды Қудай биледи.
12 Өзлерин бизлерге теңлестир-
мекши болып мақтанып атырған
сол адамларға жол бермеў ушын,
мен сизлерге аўырманлық салма-
дым ҳәм солай ислеўди даўам ете
беремен. 13 Себеби жалған елшилер
ҳәм өтирик жумысшылар болған
бундай адамлар өзлерин Масийх-
тың елшилери қылып көрсетеди.
14 Бирақ, бул таң қаларлық нәрсе
емес. Шайтан да өзин нур periш-
теси қылып көрсетеди-ғо. 15 Сон-
лықтан оның хызметшилериниң
өзлерин ҳақыйқаттың хызмет-
шилери қылып көрсетиўи де таң
қаларлық нәрсе емес. Қудай ақы-
рында бундай адамларға ислеген
ислерине қарай ылайықлы жаза
береди.

### Павелдиң елши сыпатында көрген қыйыншылықлары

16 Мен және тәкирарлап айтаман:
ҳеш ким мени ақылсыз деп санама-
сын. Егер сизлер ақылсыз деп сана-
саңыз, мени ҳеш болмаса ақылсыз
адам сыпатында қабыл етиңлер,
сонда мен де аз-маз мақтанайын.
17 Сөйлеп атырған сөзлеримди
Ийемиздиң басқарыўында айтып
атырған жоқпан, ал өзине исенету-
ғын ақылсыз мақтаншақтай болып
айтып атырман. 18 Көплер өзлери
менен дүньяның көз қарасы бо-
йынша мақтанғанлықтан, мен де
мақтанажақпан. 19 Сизлер өзле-
риңизди сондай ақыллымыз деп
санап турып, ақылсызларға жан-
жан деп шыдайсызлар! 20 Биреў
сизлерди қул қылса да, ҳақыңыз-
ды жесе де, таласа да, өзин сизлер-
ден жоқары тутып, үстемлик етсе
де ямаса бетиңизге шапалақ пе-
нен урса да шыдайсызлар. 21 Би-
рақ, сизлердиң ойыңыз бойынша
ҳәлсиз болып есапланған бизлер
бундай ислерди ислеўге уяламыз!

Деген менен, биреўдиң не ме-
нен болса да мақтаныўға батылы
жетсе, мениң де мақтаныўға ба-
тылым жетеди. Мен буны ақыл-
сыз адам сыяқлы айтып атырман.
22 Сол жалған елшилер евреймиз
дей ме? Мен де еврейmen. Олар
израиллылармыз дей ме? Мен де
израиллыман. Олар Ибрайым-
ның урпағымыз дей ме? Мен де
Ибрайымның урпағыман. 23 Олар
Масийхтың хызметкерлеримиз
дей ме? Ақылдан азған адам сы-
яқлы айтып атырман: мен Масийх-
қа олардан гөре көбирек хызмет
еттим. Мен оларға қарағанда кө-
бирек мийнет еттим, көп мәртебе
қамақта болдым, сансыз рет таяқ
жедим ҳәм талай мәртебе өлим ме-
нен жүзбе-жүз ушырастым. 24 Яҳу-
дийлерден бир кем қырықтан, бес
рет қамшы жедим. 25 Үш мәртебе
таяқ жедим. Бир мәртебе тас боран
қылды[a]. Үш мәртебе кемеде апатқа
ушырап, бир күн, бир түн теңизде
ығып жүрдим. 26 Көп мәртебе са-
парға шыққанымда, қәўип астын-
да болдым: дәрьялардың тасыўы
себепли, қарақшылар себепли, өз
миллетимниң адамлары себепли
ҳәм басқа миллет адамлары себеп-
ли, және қалада, шөлде, теңизде
ҳәм жалған туўысқанлар себепли

a **11:25** Елш 14:19-20.

қәўип-қәтерге ушырадым. 27 Аўыр
мийнет етип, қыйыншылық көр-
дим. Көп түнлерди уйқысыз өткиз-
дим, ашлық ҳәм шөлди басымнан
кеширдим. Талай мәртебе аўқатсыз
қалып, суўықта кийимсиз болдым.
28 Булардың ҳәммесинен тысқары,
күн сайын барлық исениўши жә-
мәәтлердиң ғам-тәшиўишлери ең-
семди басып, мени ойландырады.
29 Қайсы дәрмансызлар менен, мен
бирге дәрмансызланбадым? Қай-
сы азғырылған адам ушын, мен
күйип-жанбадым?

30 Сизлер мени мақтаныўға мәж-
бүр еткениңиз себепли, мен ҳәлсиз-
лигимди көрсеткен нәрселер менен
мақтанаман. 31 Ийемиз Ийсаның
Әкеси, мәңгиге алғысларға ылайық
Қудай биледи: мен өтирик сөйлеп
атырған жоқпан. 32 Мен Дамаск қа-
ласында болғанымда, Аретас пат-
шаның қол астындағы бир ҳәким
қала дәрўазасын қараўыллатып,
мени қолға алмақшы болды. 33 Би-
рақ, исениўши туўысқанларымыз
мени себетке салып, қала дийўа-
лындағы терезеден түсирип жи-
берди ҳәм мен усылай етип оның
қолынан қашып қутылдым[a].

### Қудайдың Павелге көрсеткен көринислери ҳәм аянлары

12 1 Мақтаныўдың ҳеш қандай
пайдасы жоқ болса да, енди
мен Ийемиз көрсеткен көринислер
ҳәм аянлар ҳаққында айтпақшы-
ман. 2 Мен Масийхқа исенетуғын
бир адамды таныйман. Ол бун-
нан он төрт жыл бурын үшин-
ши аспанға көтерилип әкетилген
еди. Ол сол ўақытта денеде болды
ма ямаса денеден шығып руўхта
болды ма, мен буны билмеймен,
Қудай биледи. 3-4 Бул адам ҳақ-
қында мынаны билемен: ол жән-
нетке алып кетилди. Ол сол жерде
айтып жеткизиў мүмкин болмаған
ҳәм адам баласына айтыўға рухсат
етилмеген сөзлерди еситти. Бирақ,
ол денеде болды ма ямаса денеден
шығып, руўхта болды ма билмей-
мен, буны Қудай биледи. 5 Мен
усындай адам менен мақтанаман.
Бирақ, өзиме келсем, тек өзимде-
ги ҳәлсизликтен басқа ҳеш нәрсем
менен мақтанбайман. 6 Мақтаныў-
ды қәлеген жағдайымда да мен
ақылсыз болмайман. Өйткени мен
ҳақыйқатты айтып атырман. Би-
рақ, ҳеш ким мен туўралы ҳәдден
тыс жоқары пикирге ийе болмай,
мени тек меннен еситкенлери яма-
са көргенлери бойынша баҳалаўы
ушын, мен өзимди мақтаныўдан
тыйып атырман.

7 Қудайдың маған берген әжайып
аянлары себепли өзимди жоқары
тутпаўым ушын, Ол денеме бир
тикен, яғный мени қыйнайтуғын
шайтанның бир периштесин берип,
мени менменликтен сақлап кия-
тыр. 8 Буны меннен алып таслаўды
сорап, Ийемизге үш мәртебе жал-
барынған едим. 9 Бирақ, Ийемиз
маған: «Саған берген мийримим
жетерли. Себеби Мениң қүдиретим
ҳәлсизлик арқалы толық көрсети-
леди», – деди. Сонлықтан Масийх-
тың қүдирети менде болсын деп,
мен ҳәлсизликлериме еле де көби-
рек қуўанып, олар менен мақтана

a **11:33** Елш 9:23-25.

беремен. [10] Сол себептен Масийх
ушын ҳәлсизликлерге, масқара-
ланыўға, мүтәжликлерге, қуўда-
ланыўға ҳәм қыйыншылықларға
ушырағанымда, мен қуўанышлы-
ман. Өйткени мен қашан ҳәлсиз
болсам, сонда күшлимен.

### Павелдиң Коринфтеги исениўшилер жәмәәтине деген ғамхорлығы

[11] Мен мақтанып, ақылсыз адам
болып көриндим. Бирақ мени буған
сизлер мәжбүр еттиңиз. Негизин-
де мени сизлер мақтаўыңыз керек
еди. Себеби мен ҳеш ким болмасам
да, сизлер «мәртебели елшилер»
деп атайтуғын сол адамлардан ҳеш
қандай кемшилигим жоқ. [12] Ме-
ниң Қудайдың ҳақыйқый елши-
си екенимди дәлиллейтуғын көп
белгилер, таң қаларлық ислер ҳәм
кәраматлар сизлердиң араңызда
күшли сабырлылық пенен көрсе-
тилди. [13] Сизлерден ақшалай жәр-
дем сорап, өз аўырманлығымды
салмағаным себепли, басқа исе-
ниўши жәмәәтлерден сизлерди кем
көргендей болдым ба? Егер мени
қәте иследи деп ойласаңыз, мени
кешириң!

[14] Минекей, мен сизлерге үшинши
мәртебе барыўға таярман. Бирақ,
мен сизлерге аўырманлық салмай-
ман. Маған сизлердиң мал-мүлки-
ңиз емес, ал сизлердиң өзлериңиз
керексиз. Өйткени балалар ата-
анасы ушын емес, ал ата-ана бала-
лары ушын мал-мүлик жыйнаўы
тийис. [15] Сол сыяқлы мен де сиз-
лер ушын өзимде бар ҳәмме нәрсе-
ни, ҳәтте, өз жанымды да бериўге
қуўанышлы түрде таярман. Мен
сизлерди соншелли сүйсем де, сиз-
лердиң мени азырақ сүйиўиңиз ду-
рыс болмайды. [16] Мениң сизлерге
аўырманлық салмағанымды сизлер
де тастыйықлайсызлар. Бирақ, гей-
бир адамлардың айтыўы бойынша,
мен ҳийлекер адам болғаным се-
бепли, сизлерди алдаў жолы менен
қолға киргизген қусайман. [17] Де-
ген менен, өзим сизлерге жиберген
адамлардың бири арқалы болса да,
сизлердиң есабыңыздан пайдалан-
дым ба? [18] Мен Титустан сизлерге
барыўды өтинип, оның менен бир-
ге басқа бир туўысқанымызды да
жиберген едим. Титус сизлердиң
есабыңыздан пайдаланған ба еди?
Әлбетте, яқ. Себеби бизлер бир
руўх пенен ис-ҳәрекет етип, бир
жол менен жүремиз.

[19] Бизлерди усы ўақытқа дейин
алдыңызда ақланып киятыр деп
ойлап атырсыз ба? Яқ, олай емес.
Бизлер Масийхқа тийисли адамлар
сыпатында Қудай алдында сөйлеп
турмыз. Сүйикли туўысқанларым,
бизлер не ислейтуғын болсақ та,
ҳәр бир нәрсени сизлердиң руў-
хый беккемлениўиңиз ушын ис-
леймиз. [20] Өйткени мен сизлерге
барған ўақтымда, сизлерди өзим
қәлемеген аўҳалда көремен бе ҳәм
сизлер де мени өзлериңиз күтпеген
аўҳалда көресиз бе деген қәўетер-
демен. Сизлерге барғанымда, ара-
ңызда жәнжел, күншиллик, ғәзеп,
даў, жала, өсек, менменлик ҳәм
тәртипсизлик бар екенин көриўден
қорқаман. [21] Тағы да, сизлерге және
барғанымда, Қудайдың мени сиз-
лер себепли уялтыўынан, бурын гү-
на ислеп, өзлериниң ҳарамылығы,
бузықшылығы ҳәм жүўенсизлиги

ушын тәўбе етпеген көп адамлар ушын көз жасымды төгиўден қорқаман.

### Соңғы ескертиў ҳәм сәлемлер

**13** [1] Мен сизлерге үшинши мәртебе баражақпан. Мухаддес Жазыўда айтылғандай: «Ҳәр бир ис еки ямаса үш адамның гүўалығы тийкарында қаралады».[a] [2] Буннан алдын араңызда екинши мәртебе болғанымда ескерткен едим. Енди ҳәзир сизлерден узақта болғанымда да тәкирарлап ескертип атырман: мен сизлерге және барғанымда, бурын гүна ислегенлердиң де, басқа ҳәмме адамлардың да ҳеш бирин аямайман! [3] Себеби сизлер Масийхтың мен арқалы сөйлейтуғынына дәлил излейсизлер. Масийх сизлерге деген ис-ҳәрекетинде ҳәлсиз емес, Ол сизлердиң араңызда Өз қүдиретин көрсетеди. [4] Ол ҳәлсиз болып атанақ ағашқа шегеленсе де, ҳәзир Қудайдың қүдирети менен жасап атыр. Масийх пенен қатнаста болған бизлер де ҳәлсиз болсақ та, Оның менен бирге Қудайдың қүдирети арқалы сизлердиң пайдаңыз ушын жасаймыз.

[5] Исенимде турған я турмағаныңызды билиўиңиз ушын, өзлериңизди өзлериңиз сынап көриңлер. Ийса Масийхтың ишиңизде екенлигин билмейсизлер ме? Егер билмесеңиз, сынаўдан өте алмай жығылған болар едиңиз. [6] Бизлердиң сынаўдан өткенимизди билетуғыныңыздан мен үмит етемен. [7] Ҳеш қандай жаманлық ислемеўиңизди сорап, бизлер Қудайға дуўа етемиз. Бундағы мақсетимиз өзлеримиздиң сынаўдан өткенимизди көрсетиў емес, ал бизлер сынаўдан өтпеген болып көринсек те, сизлердиң жақсылық ислеўиңизден ибарат. [8] Өйткени бизлер ҳақыйқатқа қарсы ҳеш нәрсе ислей алмаймыз, ал тек ҳақыйқат ушын ҳәрекет етемиз. [9] Бизлер ҳәлсиз, ал сизлер күшли болсаңыз, бизлер қуўанамыз. Бизлер сизлердиң туўрыланып, жетилисип барыўыңыз ушын да дуўа етемиз. [10] Сонлықтан сизлерге келген ўақтымда Ийемиздиң маған берген бийлиги менен қатал ис тутыўға мәжбүр болмаўым ушын, бул нәрселерди араңызда болмаған ўақтымда жазып атырман. Мен бул бийликти сизлерди қулатыў ушын емес, ал тиклеў ушын алғанман.

[11] Қулласы, туўысқанларым, хош болыңлар. Жетилисип барыңлар, мениң айтқанларыма қулақ асыңлар, бир ой-пикирли болыңлар ҳәм татыўлықта жасаңлар. Сүйиспеншилик ҳәм тынышлық тийкары болған Қудай сизлер менен бирге болады. [12] Бир-бириңизди мухаддес поса менен сүйип сәлемлесиңлер.

Барлық мухаддеслер сизлерге сәлем айтып атыр. [13] Ийемиз Ийса Масийхтың мийрими, Қудайдың сүйиспеншилиги ҳәм Мухаддес Руўхтың шериклиги ҳәммеңизге яр болсын!

---

a **13:1** Нзм 19:15.

# Галатиялыларға жазылған хат

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Хат елши Павелдиң ең биринши жазылған хатларының бири болып, ол Галатия үлкесиндеги (ҳәзирги Туркияның арқа-батыс бөлеги) исениўши жәмәәтлерге жазылған. Сол жердеги исениўши жәмәәт Павел арқалы пайда болған еди (Елш 13:14 – 14:23).

Хаттағы сөз етилетуғын баслы машқала яҳудий емеслердиң, яғный басқа миллет адамларының Ийсаға исенгенде сүннет етилиўине ямаса етилмеўине байланыслы. Исениўши яҳудийлердиң пикири бойынша, Ийсаны қабыл еткен ҳәр бир басқа миллет адамы ақланыўы ушын Муўсаның Нызамын орынлап жасаўы, әсиресе сүннет етилиўи шәрт еди. Бирақ Павел адам сүннет етилиўи ямаса Мухаддес Нызамды орынлаўы арқалы емес, ал тек Ийса Масийхқа деген исеними арқалы Қудайдың мийрими менен ақланады, деп жуўап береди.

Және де, Павел хатында өз елшилик хызметин Қудай тәрепинен, Ийса Масийхтың көрсеткен аяны арқалы алғанын ҳәм сол себептен усындай сөзлерди айтыў ҳуқықына ийе екенин билдиреди. Ол исениўшилердиң азат адам екенлигин ҳәм олардың бул азатлықты гүна ислеў ушын пайдаланбай, Мухаддес Руўхқа бойсынып жасаў кереклигин айтып, нәсият береди.

---

### Сәлемнама

1 [1-2] Адамлар тәрепинен ямаса
адамлар арқалы емес, ал Ийса
Масийх ҳәм Оны өлимнен тирилткен Әкемиз Қудай тәрепинен елши
болып тайынланған мен, Павелден
ҳәм мениң менен бирге болған барлық туўысқанлардан, Галатиядағы
исениўши жәмәәтлерге сәлем!
[3] Әкемиз Қудай ҳәм Ийемиз Ийса
Масийх сизлерге мийрим ҳәм тынышлық берсин! [4] Әкемиз Қудайдың ерки бойынша, Ийса Масийх
бизлерди ҳәзирги жаўыз заманнан
қутқармақшы болып, гүналарымыз
ушын Өзин қурбан етти. [5] Қудайымызға мәңги-бақый даңқ болсын!
Аўмийин.

### Хош Хабар жалғыз

6 Сизлерди Масийхтың мийри-
ми арқалы шақырған Қудайдан
соншелли тез жүз бурып, басқа
бир «хош хабар» ға аўып кетке-
ниңизге ҳайранман. 7 Негизинде
басқа бир «хош хабар» жоқ. Ал,
сизлердиң ақылыңызды шатас-
тырып, Масийхтың Хош Хабарын
бурмаламақшы болып атырғанлар
ғана бар.
8 Бирақ егер де бизлер өзлери-
миз келип, ямаса аспаннан бир пе-
риште келип, өзлеримимиз сизлерге
айтқан Хош Хабарға қарсы «хош
хабар» жәриялап атырған болса,
ол Қудайдың ғарғысына ушыра-
сын! 9 Бурын айтқанымызды және
қайталап айтаман: егер ким де ким
сизлер қабыл еткен Хош Хабарға
қарсы бир «хош хабар» ды жәрия-
лап атырған болса, ол Қудайдың
ғарғысына ушырасын!
10 Енди мен адамлардың мақ-
таўын қәлеп атырман ба ямаса
Қудайдың ба? Я болмаса, адам-
ларға жағыныўға тырысып атыр-
ман ба? Егер елеге дейин адамларға
жағынбақшы болғанымда, онда
мен Масийхтың хызметшиси бо-
ла алмас едим.

### Павел қалай Масийхтың елшиси болды

11 Туўысқанларым, мен жәрия-
лаған Хош Хабарды адам ойлап
шығармағанын билиўиңизди қә-
леймен. 12 Мен бул Хош Хабарды
адамнан қабыл етпедим ҳәм ҳеш
кимнен үйренбедим. Оны маған
Ийса Масийхтың Өзи аян арқалы
билдирди.
13 Мен яҳудий growth
ғанымда, қалай өмир сүргеним
ҳаққында еситкенсизлер. Қудай-
дың жәмәәтин аяўсыз қуўдалап,
оны қуртыўға тырысатуғын едим.
14 Яҳудий growth өз миллетимде-
ги көп қатар-қурбыларымнан озып,
ата-бабаларымыздың үрп-әдетле-
рин орынлаўға жан-тәним менен
ғайрат салатуғын едим.
15-16 Бирақ мени анамның қар-
нында болғанымда-ақ таңлап, Өз
мийрими менен шақырған Қудай
басқа миллетлер арасында Хош
Хабарды жәриялаўым ушын, ма-
ған Улын ашып билдириўге ыразы
болды. Сонда мен адамлар ме-
нен мәсләҳәтлесип отырмадым.
17 Ерусалимге, яғный меннен бу-
рын елши болғанларға да барма-
дым. Ал дәрҳал Арабстанға кетип,
кейин және Дамаскке қайтып кел-
дим. 18 Үш жылдан кейин Кифа[a]
менен танысыў ушын Ерусалим-
ге бардым. Оның жанында он бес
күн болдым. 19 Бирақ, басқа елши-
лердиң ҳеш бирин көрмедим, тек
Ийемиздиң иниси Яқыпты ғана
көрдим. 20 Сизлерге жазып атыр-
ғанларымның өтирик емес екенли-
гин Қудайдың алдында билдирип
атырман. 21 Буннан соң, мен Сирия
ҳәм Киликия үлкелерине кеттим.
22 Ал Яҳудиядағы Масийхқа ти-
йисли жәмәәтлер мени жүзбе-жүз
танымайтуғын еди. 23 Олар тек:
«Бир ўақытлары бизлерди қуўда-
лаған адам бурын өзи жоқ қыл-
мақшы болған исеним ҳаққында

---

a **1:18** *Кифа* – яғный Петр.

енди өзи жәриялап жүр», – деген-
ди еситип, 24 мен ушын Қудайды
алғыслаған еди.

### Басқа елшилердиң Павелди қабыл етиўи

2 1 Арадан он төрт жыл өткеннен
соң, Барнаба менен бирге және
Ерусалимге бардым. Жаныма Титус-
ты да алдым. 2 Ол жерге Қудайдан
алған аяным себепли бардым. Сол
жердеги жәмәәт жетекшилери ме-
нен жеке сөйлесип, басқа миллетлер
арасында өзим жәриялап жүрген
Хош Хабарды баян еттим. Ислеген
мийнетим ҳәм ҳәзир ислеп атырған
ис-ҳәрекетимниң зая кетпеўи ушын
усылай иследим. 3 Ал олар мениң
жанымдағы Титустың грек болы-
ўына қарамай, оны сүннет етилиўге
мәжбүрлемеди.
4 Бирақ арамызға жасырын кир-
ген айырым жалған туўысқан-
лар бар еди. Олар бизлерге Ийса
Масийх берген азатлықты көре ал-
май, бизлерди Нызамдағы қағый-
даларға қул қылмақшы еди. 5 Ал
бизлер Хош Хабардың ҳақыйқаты
сизлер менен бәрқулла бирге бол-
сын деп, оларға бир дем де бойсы-
нып, тәслим болмадық.
6 Ерусалим жәмәәтиниң жетек-
шилери қаншелли атақлы болса да,
мен ушын бәри бир: Қудай адам-
ларды айырмайды. Олар мениң
жәриялаў исиме қосымша ҳеш нәр-
се жүклемеди. 7 Керисинше, Хош
Хабарды яҳудийлерге жәриялаў
иси Петрге исенип тапсырылған-
дай, басқа миллетлерге жәриялаў
иси маған исенип тапсырылға-
нын олар билди. 8 Себеби Петрди
яҳудийлер ушын елши етип тайын-
лаған Қудай мени де басқа миллет-
лер ушын елши етип тайынлады.
9 Исениўшилер жәмәәтиниң ти-
реклери есапланған Яқып, Кифа
ҳәм Юхан Қудайдың маған бер-
ген мийримин мойынлап, маған
ҳәм Барнабаға бирдемлик қолла-
рын созды. Солай етип, бизлердиң
басқа миллетлерге, ал өзлериниң
яҳудийлерге кетиўин мақул көрди.
10 Тек еле де жарлыларға жәрдем
бериўди естен шығармаўымызды
өтиниш етти. Мен де бул исти шын
кеўилден ислеўге тырысып кия-
тырған едим.

### Павелдиң Петрди әшкаралаўы

11 Кифа Антиохияға келгенде,
оның қәтесин бетине айтып әш-
кара еттим. 12 Өйткени Яқыптың
жанынан базы адамлар келместен
алдын Кифа басқа миллет исениў-
шилери менен бирге аўқат жей-
туғын еди. Бирақ сол яҳудийлер
келгенде қорқып, сүннет етил-
меген басқа миллет исениўшиле-
ринен өзин шетке алды ҳәм олар
менен байланысты үзди. 13 Басқа
яҳудийлер де Кифаға уқсап еки
жүзлилик иследи. Ҳәтте, Барна-
ба да олардың еки жүзлилигине
берилди.
14 Олардың Хош Хабардың ҳа-
қыйқаты бойынша ис тутпай
атырғанын көргенимде, ҳәмме-
ниң алдында Кифаға былай дедим:
«Сен яҳудий бола тура, яҳудий сы-
яқлы емес, ал басқа миллет ада-
мы сыяқлы жасап атырсаң. Енди
қалайынша сен басқа миллет

адамларын яҳудийлесиўге мәж-
бүрлейсең? 15 Бизлер яҳудий бо-
лып туўылдық, басқа миллетлер
сыяқлы гүнакар[a] емеспиз. 16 Би-
рақ та, адам Мухаддес Нызамды
орынлап жасағаны арқалы емес,
ал Ийса Масийхқа деген исеними
арқалы ақланатуғынын билемиз.
Сонлықтан бизлер де Мухаддес
Нызамды орынлап жасағанымыз
арқалы емес, ал Масийхқа деген
исенимимиз бенен ақланамыз деп,
Ийса Масийхқа исендик. Себеби
ҳеш бир адам Мухаддес Нызам-
ды орынлап жасағаны арқалы ақ-
ланбайды».
17 Егер Масийх арқалы ақланыў-
ды излеп, өзлеримиз гүнакар бо-
лып шықсақ, Масийх бизлерди
гүнаға жетелеўши болғаны ма? Ҳеш
қашан! 18 Егер мен өзим кешкен
нәрсени қайтадан қабыл қылсам,
онда мен өзимниң нызам бузыў-
шы екенимди дәлиллеген бола-
ман. 19 Қудай алдында жасаў ушын,
Мухаддес Нызам арқалы мен Му-
хаддес Нызам алдында өлгенмен.
20 Мен Масийх пенен бирге ата-
нақ ағашқа шегеленгенмен. Енди
жасап атырған мен емес, ал менде
Масийх жасап атыр. Ҳәзир дене-
де жасап атырған өмиримде мени
сүйген ҳәм мен ушын Өзин қур-
бан еткен Қудайдың Улына деген
исенимим менен жасап атырман.
21 Мен Қудайдың мийримин қә-
дирсиз деп есапламайман. Егер де
Мухаддес Нызам арқалы ақланыў
мүмкин болғанда, онда Масийх
бийкарға өлген болар еди.

### Мухаддес Нызам ҳәм исеним

3 1 Ҳәй, ақылсыз галатиялылар!
Сизлерди ким сыйқырлап тасла-
ды?* Ийса Масийхтың атанақ ағашқа
шегеленип қойылғаны көз алды-
ңыздан кетпестей етип сүўретлеп
берилген жоқ па еди? 2 Сизлерден
бир нәрсени ғана билмекшимен: сиз-
лер Мухаддес Руўхты қалай алдың-
лар? Мухаддес Нызамды орынлап па
ямаса өзлериңиз еситкен Хош Ха-
барға исенип пе? 3 Сизлер соншелли
ақылсыз болғаныңыз ба? Мухаддес
Руўх пенен баслап, енди неге адам-
ның ис-ҳәрекети менен минсизлик-
ке ерисиўге тырысып атырсызлар?
4 Бийкарға сонша азап шектиңиз
бе?! Ҳақыйқаттан да, бийкарға ма?!
5 Сизлерге Мухаддес Руўхын берген
ҳәм араңызда кәраматлар көрсет-
кен Қудай буны Мухаддес Нызамды
орынлағаныңыз ушын ислеп атыр
ма ямаса өзлериңиз еситкен Хош
Хабарға исенгениңиз ушын ба?
6 Ибрайымның мысалын алып
қарайық: «Ол Қудайға исенди ҳәм
сол себептен Қудай оны ҳақ деп
санады».[b] 7 Солай етип, мынаны
билип қойыңлар: исенгенлердиң
ҳәммеси Ибрайымның ҳақыйқый
урпақлары болады.
8 Мухаддес Жазыў Қудайдың бас-
қа миллетлерди исеними арқалы
ақлайтуғынын билдирип, Ибрайым-
ға: «Барлық халықлар сен арқалы

---

a **2:15** *Гүнакар* – яҳудийлердиң ойы бойынша, Мухаддес Нызамсыз жасайтуғын басқа миллет адамлары гүнакар болып есапланатуғын еди.
b **3:6** Жар 15:6.

жарылқанады»,[a] – деп қуўанышлы
хабарды алдын ала жиберген еди.
9 Солай етип, исенгенлер исениўши
Ибрайым менен бирге жарылқанады.

10 Мухаддес Нызамды орынла-
ўы арқалы ақланатуғынына исе-
нетуғынлардың ҳәммесине нәлет
жаўады. Өйткени Мухаддес Ны-
замда былай деп жазылған: «Му-
хаддес Нызам китабында жазылған
ҳәмме нәрсени муқыятлы түрде
орынламайтуғын ҳәр бир адам нә-
летий болады».[b] 11 Мухаддес Ны-
замды орынлаўы арқалы ҳеш бир
адам Қудай алдында ақлана алмай-
туғыны анық. Себеби: «Ҳақ адам
исеними менен жасайды»,[c] – деп
жазылған. 12 Мухаддес Нызамның
тийкары исеним емес. Керисинше:
«Мухаддес Нызамдағы буйрық-
ларды орынлаған адам олар ар-
қалы жасайды»,[d] – деп жазылған.
13-14 Масийх бизлер ушын нәлетлен-
генликтен, Қудайдың Ибрайымға
берген жарылқаўы Масийх Ийса
арқалы басқа миллетлерге несип
етеди ҳәм бизлер ўәде етилген Му-
хаддес Руўхты исенимимиз арқалы
аламыз. Масийх бизлерди Мухад-
дес Нызамның нәлетинен қутқар-
ды. Өйткени: «Ағашқа асылған ҳәр
бир адам нәлетий»,[e] – деп жазылған.

## Мухаддес Нызам ҳәм Қудайдың ўәдеси

15 Туўысқанларым! Адамлар өми-
ринен мысал келтирейин: адамлар
арасында дүзилген келисимди
бийкарлаўға ямаса оған бир нәр-
се қосыўға болмайды. 16 Қудай Иб-
райымға ҳәм оның урпағына ўәде
бергенде: «сениң урпақларыңа»
деп көп адамларды нәзерде тутып
айтқан жоқ, ал «сениң урпағыңа»
деп, тек бир адамды, яғный Ийса
Масийхты нәзерде тутып айтқан
еди[f]. 17 Мениң айтажағым мынаў:
төрт жүз отыз жылдан соң пайда
болған Мухаддес Нызам Қудай-
дың алдын ала дүзген келисимин
бийкарлап, ўәдесиниң күшин жоқ
қылмайды. 18 Себеби егер Қудай-
дың берген мийрасы Мухаддес Ны-
замды орынлаў арқалы берилгенде,
онда ол ўәде бойынша болмайды.
Бирақ Қудай мийрасты Ибрайым-
ға ўәде бойынша берген еди.

19 Ондай болса, Мухаддес Нызам
не ушын берилген? Ол гүналары-
мызды ашып көрсетиў ушын, ке-
лисимге қосымша етип берилген.
Өзи Қудайдың ўәдеси ҳәм Ибра-
йымның урпағы болған Масийх
келгенге дейин ғана Мухаддес Ны-
зам ҳәрекет етеди. Ол перииштелер
арқалы тәўеллешиниң қолы менен
берилген еди. 20 Ал тәўеллеши тек
бир тәрепке тийисли емес. Бирақ
Қудай – жалғыз.

## Мухаддес Нызамның мақсети

21 Олай болса, Мухаддес Нызам
Қудайдың ўәделерине қарсы ма?
Ҳеш қашан! Өйткени егер де өмир

---

[a] **3:8** Жар 12:3; 18:18; 22:18.
[b] **3:10** Нзм 27:26.
[c] **3:11** Хаб 2:4.
[d] **3:12** Леб 18:5.
[e] **3:13-14** Нзм 21:23.
[f] **3:16** Жар 12:7.

бере алатуғын нызам берилген бол-
са, онда адамлар, әлбетте, нызам
арқалы ақланар еди. 22 Бирақ, Ийса
Масийхқа деген исенимге тийкар-
ланған ўәде исенгенлерге берилиў
ушын, Мухаддес Жазыў пүткил
барлықты гүнаның тутқыны деп
жәриялады.

23 Бул исеним пайда болыўдан ал-
дын бизлер Мухаддес Нызамның
бақлаўы астында болып, келешек-
теги исенимниң айқынласыўына
шекем Мухаддес Нызамның тутқы-
ны едик. 24 Басқаша айтқанда, исе-
ним арқалы ақланыўымыз ушын,
Масийх келиўге дейин Мухаддес
Нызам тәрбияшымыз болды. 25 Би-
рақ исеним пайда болғаннан соң,
бизлер енди тәрбияшымыз бол-
ған Мухаддес Нызамның қол ас-
тында емеспиз.

26 Солай екен, Масийх Ийса-
ға исенгениңиз ушын, хәммеңиз
Қудайдың балаларысыз. 27 Сууға
шомылдырылғанда[a] хәр бириңиз
Масийхқа бөлендиңлер. 28 Ендиги-
ден былай, яхудий менен гректиң,
қул менен азат адамның, еркек пе-
нен ҳаялдың арасында ҳеш қандай
айырмашылық жоқ. Өйткени хәм-
меңиз Масийх Ийсада бирсиз. 29 Егер
Масийхқа тийисли болсаңыз, онда
Ибрайымның урпағысыз, Қудайдың
ўәдеси бойынша мийрасхорларсыз.

4 1 Және айтажағым мынаў: мий-
расхор хәмме нәрсениң ийеси
болса да, бала ўақтында оның қулдан
айырмашылығы жоқ. 2 Ол әкесиниң
белгилеген ўақтына дейин тәрбия-
шылар менен үй басқарыўшысының
бақлаўы астында болады.

3 Усы сыяқлы, бизлер де балалық
ўақтымызда, яғный ҳақыйқатлық-
ты толық түсинбеген ўақтымызда
дүньяның мәниссиз қағыйдала-
рының қулы едик. 4-5 Бирақ ўақты
келгенде, Қудай Өз Улын жиберди.
Ол Мухаддес Нызамның қулы бол-
ғанлардың қутқарылыўы ушын хәм
бизлердиң Қудайдың балалары бо-
лыўымыз ушын ҳаялдан туўылып,
Мухаддес Нызамға бойсынып жа-
сады. 6 Сизлер енди Қудайдың ба-
лалары болдыңлар. Сонлықтан Ол
Өз Улының Руўхын жүреклериңиз-
ге жиберди. Усы Руўх арқалы сиз-
лер Қудайды: «Әке, Әкежаным!»
деп шақырыўыңызға болады. 7 Сол
себептен сен енди қул емессең, ал
Қудайдың перзентисең. Қудайдың
перзенти болғаның ушын, Қудай
сени мийрасхор етти.

## Павелдиң галатиялылар ушын тәшиўишлениўи

8 Бурын сизлер Қудайды билмей,
негизи Қудай болмаған нәрселер-
ге қул болдыңлар. 9 Енди болса,
Қудайды билип алдыңлар, туў-
рырағы, сизлерди Қудай таныйды.
Солай екен, неге енди және дүнья-
ның хәлсиз хәм қәдирсиз қағый-
даларына қайтып баратырсызлар.
Қайтадан және олардың қуллары
болмақшымысызлар? 10 Күнлер,
айлар, мәўсимлер хәм жылларды
белгилейсизлер. 11 Сизлер ушын
бийкарға мийнет еттим бе екен,
деген тәшиўиштемен.

---

a **3:27** *Сууға шомылдырыў* – грек тилинде «баптизо». Бул рәсим адамлардың Қудайдың алдында тәўбе етип, таза өмирди баслаўының нышаны.

12 Туўысқанларым! Сизлерден
өтиниш етемен, мен сыяқлы бо-
лыңлар. Себеби мен де сизлер сы-
яқлы болдым. Сизлер маған ҳеш
қандай жаманлық ислемедиң-
лер. 13 Хош Хабарды сизлерге би-
ринши мәрте денсаўлығымның
ҳәлсизлиги себепли жәриялаға-
нымнан хабарыңыз бар. 14 Ме-
ниң денсаўлығымның жағдайы
сизлер ушын бир сынақ болса да,
мени пәс көрип, айырып таслама-
дыңыз. Керисинше, мени Қудай-
дың бир периштесиндей, ҳәтте,
Ийса Масийхтай қабыл еттиңлер.
15 Енди сол қуўанышыңыз қаяқта?!
Сизлерге өзим гүўаман: қоллары-
ңыздан келсе, көзлериңизди ойып,
маған берер едиңлер. 16 Енди сиз-
лерге ҳақыйқатты айтаман деп,
душпаныңыз болдым ба?
17 Мухаддес Нызамды орынлаў-
ды талап еткенлер сизлерди өз тә-
репине аўдарыўға тырысып атыр,
бирақ бул жақсы нийет емес. Өз-
лерине бағындырыў ушын, олар
сизлерди бизлерден айырмақ-
шы. 18 Жақсы нийет пенен тыры-
сыў – бул жақсы нәрсе. Бул тек мен
сизлердиң араңызда болғаным-
да емес, ал бәрқулла усылай бол-
са жақсы. 19 Балаларым! Масийх
сыяқлы болмағаныңызша, мен
сизлерди қайтадан туўып атыр-
ғандай, толғақ азабын шекпекте-
мен. 20 Ҳәзир жаныңызда болып,
даўысымды мүләйим қылып өз-
гертсем еди. Өйткени сизлерди
не қыларымды билмей, аң-таң
болып турман.

## Ажар ҳәм Сара мысалы

21 Мухаддес Нызам астында жа-
саўды қәлеген сизлер маған ай-
тыңларшы, Мухаддес Нызамның
не дейтуғынын билмейсизлер ме?
22 Себеби Ибрайымның еки улы
болды: биреўи шоры ҳаялдан,
екиншиси азат ҳаялынан еди, деп
жазылған[a]. 23 Шоры ҳаялдан бол-
ған улы әпиўайы жол бойынша, ал
азат ҳаялдан болған улы ўәде бо-
йынша туўылды.
24 Бунда тымсал мәниси бар. Бул
еки ҳаял еки келисимди аңлата-
ды. Биреўи қуллықта болатуғын
балаларды туўатуғын Ажар – Си-
най таўында дүзилген келисимниң
тымсалы. 25 Арабстандағы Синай
таўының тымсалы болған Ажар ҳә-
зирги Ерусалимди аңлатады. Өйт-
кени бул қала өз халқы менен еле де
Мухаддес Нызамның қуллығында.
26 Бирақ, аспандағы Ерусалимниң
тымсалы болған Сара азат, ол биз-
лердиң анамыз. 27 Себеби былай
деп жазылған:

«Шадлан, ҳәй, бала көрмеген
нәсилсиз ҳаял!
Толғатып көрмеген, сен,
шадланып бақыр!
Себеби таслап кетилген
ҳаялдың балалары,
Күйеўи бар ҳаялдикинен көп
болады».[b]

28 Туўысқанлар! Сизлер де Ысақ
сыяқлы ўәде бойынша туўылған
балаларсыз. 29 Тәбийғый жол ме-
нен туўылған Мухаддес Руўхтың
ўәдеси бойынша туўылғанды қалай

---

[a] **4:22** Жар 21:1-12.
[b] **4:27** Ийш 54:1.

қуўдалаған болса, ҳәзир де солай болып атыр.

30 Бирақ, Мухаддес Жазыў не дейди?

«Шорыны баласы менен бирге қуўып жибер. Себеби шорының улы азат ҳаялдың улы менен теңдей мийрасхор болмасын».[a]

31 Солай етип, туўысқанлар, бизлер шоры ҳаялдың емес, ал азат ҳаялдың балаларымыз.

### Азатлығыңызды сақлаңлар!

5 1 Масийх бизлерди еркин өмир сүриўимиз ушын азат қылды. Сонлықтан беккем турыңлар, өзлериңизге қайтадан қуллық мойынтырығын салыўға жол қоймаңлар.

2 Қараңлар! Мен, Павел, сизлерге мыналарды айтып атырман: егер сүннет етилсеңиз, Масийхтың сизлерге хеш пайдасы жоқ.
3 Сүннет етилген ҳәр бир адамды және ескертип атырман: ол пүткил Мухаддес Нызамды орынлаўға парызлы.
4 Мухаддес Нызамды орынлаў арқалы ақланыўға тырысып атырған сизлер Масийхтан айырылдыңлар. Қудайдың мийриминен алысладыңлар.

5 Бирақ бизлер Мухаддес Руўх себепли исеним арқалы ақланыўдан үмит етип, интизарлық пенен күтпектемиз.
6 Ийса Масийхқа исенетуғынлар ушын сүннетлениўдиң де, сүннетленбеўдиң де хеш қандай әҳмийети жоқ. Тек сүйиспеншилик пенен ҳәрекет еткен исеним ғана әҳмийетли.

7 Сизлер жақсы баратыр едиңлер. Ҳақыйқатқа бойсыныўды даўам етиўден сизлерди ким айнытты?
8 Бундай айнытыў сизлерди шақырған Қудай тәрепинен болмады.
9 Аз ғана ашытқы пүткил қамырды ашытады.
10 Сизлердиң басқаша пикир жүргизбейтуғыныңызға Ийем Ийса алдында исенимим кәмил. Бирақ, сизлердиң ақылыңызды шатастырған ким болыўына қарамай, жазасын тартады.

11 Маған келетуғын болсақ, туўысқанларым, егер елеге дейин сүннеттиң керек екенлигин жәриялап келгенимде, қуўдаланар ма едим? Егер олай болғанда, атанақ ағаш ҳаққында айтқан ўазларым себепли машқала туўылмас еди.
12 Қәне енди, сизлерди үгитлеп атырғанлардың ҳәммеси өзлерин ақта етсе[b]!

13 Туўысқанлар! Қудай сизлерди азат болыўға шақырған. Бирақ бул азатлығыңызды өз тәбиятыңыздың қәлеўлериниң қурбаны қылмаң. Оның орнына бир-бириңизге сүйиспеншилик пенен хызмет етиңлер.
14 Пүткил Мухаддес Нызам бир сөзде жәмленген: «Өзиңди сүйгениң сыяқлы, жанындағы адамды да сүй».[c]
15 Бирақ бир-бириңиз бенен тислесип, бир-бириңизди жесеңлер, онда бир-бириңизди жоқ етиўден абайлы болыңлар!

### Адам тәбияты ҳәм Мухаддес Руўх

16 Және айтажағым мынаў: Мухаддес Руўхқа бойсынып жасаңлар!

---

a **4:30** Жар 21:10.
b **5:12** *Ақта етиў* – пиштириў.
c **5:14** Леб 19:18.

Сонда өз тәбиятыңыздың жаман
қәлеўлерине ҳеш қашан бойсын-
байсызлар. 17 Өйткени адам тәбия-
тының жаман қәлеўлери Мухаддес
Руўхқа, ал Мухаддес Руўх болса
адам тәбиятының жаман қәлеўле-
рине қарсы. Олар бир-бирине қар-
сы болғанлықтан, сизлер ислеўди
қәлеген нәрселериңизди ислей ал-
майсызлар. 18 Ал егер сизлер Му-
хаддес Руўхтың жетелеўи менен
жүрсеңлер, онда Мухаддес Нызам
астында емессизлер.

19 Адамның гүнакар тәбияты-
ның ислери аян, олар: неке ҳа-
даллығын бузыў, ҳарамылық,
бузықшылық, 20 бутпаразлық,
сыйқыршылық, душпанлық, жән-
желкешлик, күншиллик, ғәзеп,
менменлик, алаўызлық туўды-
рыў, бөлиниў, 21 қызғаншақлық*,
мәскүнемшилик, айшы-әширет
ҳәм усыларға уқсаған нәрселер.
Сизлерди алдын ескерткенимдей,
және ескертип атырман: усын-
дай ис-ҳәрекетлерди ислеўшилер
Қудайдың Патшалығын мийрас
етип алмайды.

22 Бирақ, адам өмиринде жетис-
тиретуғын Мухаддес Руўхтың же-
миси – сүйиспеншилик, қуўаныш,
тынышлық, сабырлылық, мийрим-
лилик, қайырқомлық, садықлық,
23 мүләйимлилик ҳәм өзин тутып
билиў. Бундай ислерге қарсы ҳеш
қандай нызам жоқ.

24 Ийса Масийхқа тийисли бол-
ғанлар өз тәбиятын қәлеўлери ҳәм
нәпсилери менен бирликте атанақ
ағашқа шегелеп қойған. 25 Мухад-
дес Руўх өмиримиздиң тийкары
болғанлықтан, Оның жетеле-
ўи менен жүрейик. 26 Даңқпараз
болмайық, бир-биримиздиң ашы-
ўымызға тийип, күншиллик ет-
пейик.

## Жақсылық қылыўдан жалықпаңлар!

6 1 Туўысқанлар! Егер биреўдиң
гүна ислегени мәлим болып
қалса, Мухаддес Руўхқа бойсы-
нып жасап атырған сизлер бундай
адамды мүләйимлик пенен туўры
жолға салыңлар. Сизлер де азғы-
рылмаўыңыз ушын өзлериңизге сақ
болыңлар. 2 Бир-бириңиздиң аўыр-
манлығыңызды көтериңлер. Сонда
Масийхтың Нызамын орынлайсыз-
лар. 3 Егер ким де ким ҳеш нәрсе бол-
маса да, өзин әҳмийетли адам деп
есапласа, өз-өзин алдаған болады.
4 Ҳәр бир адам өз ис-ҳәрекетин тек-
серип көрсин. Сонда өзин басқалар
менен салыстырмай, өз табыслары
менен мақтана алады. 5 Себеби ҳәр
бир адам өз аўырманлығын өзи кө-
териўи тийис.

6 Қудайдың сөзин үйрениўши
устазы менен барлық ийгиликли
нәрселерди бөлиссин.

7 Өз-өзиңизди алдамаңлар,
Қудайды алдаў мүмкин емес. Адам
не екс е, соны орады. 8 Өзиниң гү-
накар тәбиятына бойсыныўшы сол
тәбиятқа тән өлим алады. Мухад-
дес Руўхқа бойсыныўшы Мухад-
дес Руўхқа тән мәңгилик өмирди
алады. 9 Солай екен, жақсылық
ислеўден жалықпаңлар. Егер ҳәл-
сизленип қалмасақ, ўақты келгенде
жемисин орып аламыз. 10 Сонлық-
тан мүмкиншилигимиз бар екен,
ҳәмме адамға, әсиресе исениўши
туўысқанларымызға жақсылық
ислейик.

## Соңғы ескертиўлер
## ҳәм сәлемнамалар

11 Қараңлар, өз қолым менен сиз-
лерге қандай үлкен ҳәриплер ме-
нен жазып атырман! 12 Сыртқы
көриниси менен адамларға уна-
ғысы келгенлер Масийхтың ата-
нақ ағашы себепли қуўдаланбаў
ушын, сизлерди сүннет етилиўге
мәжбүрлемекте. 13 Бирақ, сүннет
етилгенлердиң өзлери де Мухад-
дес Нызамды орынламайды. Олар
тек сизлердиң денелериңиз бенен
мақтаныў ушын ғана сүннет ети-
лиўиңизди қәлеп атыр.
14 Ал мен Ийемиз Ийса Масийх-
тың атанақ ағашынан басқа бир
нәрсе менен ҳеш қашан мақтан-
байман. Усы атанақ ағаш арқалы
дүнья мен ушын өлген, мен де дүнья
ушын өлгенмен. 15 Сүннетлениўдиң
де, сүннетленбеўдиң де ҳеш қандай
әҳмийети жоқ, әҳмийетлиси – жаңа
жаратылыс болыў. 16 Усындай қа-
ғыйда бойынша жасап атырғанлар-
дың ҳәммесине, яғный Қудайдың
халқына тынышлық ҳәм мийрим-
шәпәәт яр болсын!
17 Ендигиден былай, ҳеш ким
маған жәбир бермесин. Өйткени
мениң денемде Ийсаның жарақат-
ларының излери бар.
18 Туўысқанлар, Ийемиз Ийса
Масийхтың мийрими руўхыңыз-
ға яр болсын! Аўмийин.

# Эфеслилерге жазылған хат

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Бул хатты елши Павел Ийсаның Хош Хабары себепли қамақта болған ўақтында Эфес қаласындағы исениўши жәмәәтке жазған.

Эфес қаласы Азия үлкесиниң (ҳәзирги Туркияның қубла-батыс бөлеги) пайтахты болған. Өзинде жайласқан ҳаял қудай Артемиданың ибадатханасы себепли, Эфес қаласы пүткил дүньяға белгили еди.

Павел бул қалада үш жыл жасап, Қудайға хызмет етти. Оның хызмети арқалы көп адамлар сыйқыршылық гүнасынан қутқарылып, сол жерде исениўши жәмәәт пайда болды. Усы жәмәәт арқалы Қудайдың Хош Хабары пүткил Азия үлкесине тарқатылды.

Павел бул хатта исениўшилерге Масийхта бар болған ақылға сыймас илäҳий байлық ҳаққында жазады, масийхыйларды күнделикли өмиринде сол руўхый байлықтан пайдаланыўға шақырады. Бунда Қудай жалғыз мақсетти гөзлейди: Ол жердегилердиң ҳәм аспандағылардың ҳәммесин Масийхтың басшылығында бирлестириўден ибарат екенин айтады (1:10).

Павел бул хаты арқалы Қудайдың адамларды қутқарыў жобасын ҳәм Оның сырын ашып көрсетеди. Қудай барлық адамларды Масийх арқалы Өзи менен жарастырғаны ҳәм усы адамларды Масийхтың денеси, яғный исениўшилер жәмәәти қылып бирлестиргени ҳаққында жазады. Жәмәәттиң бирлиги арқалы Қудай пүткил барлыққа Өз даналығын ҳәм уллылығын көрсетеди. Хатта исениўшилер бул дүньяда нурға тийисли адамлар сыпатында жасаў кереклиги ҳаққында, ерли-зайыплылар, ата-аналар, балалар, хожайынлар ҳәм қуллар арасындағы қарым-қатнас ҳаққында сөз болады. Және де, руўхый урыста исениўши қалай жеңиске ерисетуғыны ҳаққында да айтылады.

### Сәлемнама

**1** 1 Қудайдың қәлеўи менен Масийх
Ийсаның елшиси болған мен,
Павелден, Масийх Ийсаға садық
болған Эфес қаласындағы мухад-
деслерге[a] сәлем! 2 Әкемиз Қудай ҳәм
Ийемиз Ийса Масийх сизлерге мий-
рим ҳәм тынышлық берсин!

### Руўхый жарылқаў

3 Ийемиз Ийса Масийхтың Әке-
си – Қудайға алғыслар болсын! Ол
бизлерди Масийх арқалы аспанда-
ғы ҳәр түрли руўхый жарылқаўлар
менен жарылқады. 4 Қудай Өзи-
ниң алдында мухаддес ҳәм минсиз
болыўымыз ушын, Масийх пенен
қатнаста болған бизлерди дүнья
жаратылмастан бурын таңлап ал-
ды. Қудай бизлерди сүйип, 5 Ийса
Масийх арқалы Өзиниң балалары
қылып асырап алыўды алдын ала
белгиледи. Бул Оның әжайып қә-
леўи бойынша болды. 6 Солай етип,
сүйикли Улы арқалы бизлерге сый-
ға берген уллы мийрими себепли
Өзине алғыс айтыўымыз ушын,
Қудай усылай иследи.
7 Масийх пенен қатнаста болған
бизлер Оның қаны арқалы қут-
қарылдық, яғный Қудайдың бай
мийрими бойынша гүналарымыз
кеширилди. 8 Қудай бул бай мий-
римин пүткил ақыл-даналық пе-
нен үстилеримизге жаўдырып, 9 Өз
еркиниң сырын бизлерге ашып
берди. Бул Оның Масийх арқалы
жобаластырған әжайып мақсети
бойынша болды. 10 Белгиленген
ўақыт болғанда әмелге асатуғын
Қудайдың жобасы – жердегилер-
диң ҳәм аспандағылардың ҳәмме-
син Масийхтың басшылығында
бирлестириўден ибарат.
11 Ҳәмме нәрсени Өз қәлеўи ме-
нен иске асыратуғын Қудайдың
ерки бойынша бизлер алдын ала
белгиленип, Масийх арқалы таң-
лап алындық. 12 Бул Масийхқа бас-
тан-ақ үмит еткен бизлердиң уллы
Қудайды алғыслаўымыз ушын бол-
ды. 13 Ҳақыйқат сөзин, яғный қут-
қарылыў ҳаққында Хош Хабарды
еситип, Масийхқа исенгениңизде,
сизлер де ўәде етилген Мухаддес
Руўх пенен мөрленип, Қудайға ти-
йисли болдыңлар. 14 Қудайға ти-
йисли болған бизлердиң толық
қутқарылыўымызға дейин бул Му-
хаддес Руўх – Қудайдың бизлерге
ўәде еткен мийрасының кепили.
Булардың ҳәммеси бизлердиң ул-
лы Қудайды алғыслаўымыз ушын
болды.

### Павелдиң исениўшилер ушын дуўа етиўи

15 Сонлықтан Ийемиз Ийса-
ға деген исенимиңиз ҳәм пүткил
мухаддеслерге деген сүйиспенши-
лигиңиз ҳаққында еситкенимнен
бери, 16 мен сизлер ушын тынбас-
тан шүкирлик етемен. Және де,
дуўа еткенимде, сизлерди бәрқул-
ла тилге аламан. 17 Ийемиз Ийса
Масийхтың Қудайы, даңқ-салта-
натқа ийе Әке Өзин билиўиңиз
ушын, сизлерге даналық ҳәм аян
бериўши Мухаддес Руўхын бер-
син деп, Қудайдан сорап атырман.
18 Қудайдың шақырығынан пайда

---

[a] **1:1** *Мухаддеслер* – Ийсаға исениўшилер.

болған үмитти ҳəм Оның мухад-
деслерге берген уллы мийрасының
қаншелли бай екенин билиўиңиз
ушын, жүреклериңиздиң көзлери
ашылсын деп, дуўа етип атырман.
19 Жəне де, Ийсаға исенген бизлер-
де үлкен қүдирет пенен ҳəрекет ет-
кен Қудайдың күшиниң қаншелли
уллы екенин билиўиңиз ушын да
дуўа етип атырман. 20 Қудай усы
күш пенен Масийхта ҳəрекет етип,
Оны өлимнен қайта тирилтти ҳəм
аспанда Өзиниң оң жағына отыр-
ғызды[a]. 21 Қудай Масийхты барлық
ҳəкимшилик ҳəм бийликтен, пүт-
кил қүдирет ҳəм ҳүкимдарлықтан,
тек усы заманда емес, ал келешек
дəўирде де аталатуғын ҳəмме ат-
лардан жоқары қойды. 22 Ҳəмме
нəрсени Оған бойсындырып, ба-
ғындырды. Оны пүткил барлық-
тың үстинен қойып, исениўшилер
жəмəəтиниң басы қылды. 23 Исе-
ниўшилер жəмəəти Масийхтың
денеси болып, пүткил барлықты
толтырып турған Масийхтың то-
лылығына ийе.

### Өлимнен өмирге өтиў

2 1 Сизлер бир ўақытлары айып
ҳəм гүналарыңыз себепли өли
едиңлер. 2 Сонда сизлер бул дүнья-
ның əдети бойынша, ҳаўада ҳүким-
дарлық етиўши ҳəким – шайтанға,
яғный ҳəзир Қудайға қулақ аспай-
туғын адамларда ҳəрекет етиўши
руўхқа бойсынып жасайтуғын един-
лер. 3 Бир ўақытлары бизлердиң
ҳəммемиз де усындай адамлардың
арасында өз гүнакар тəбиятымыз
бойынша жасадық. Денемиздиң ҳəм
ой-нийетимиздиң жаман қəлеўлерин
орынладық. Сол себептен басқалар
сыяқлы бизлер де тəбиятымыз бо-
йынша Қудайдың ғəзебине ылайық-
лы адамлар едик.
4 Бирақ, мийрим-шəпəəтке бай
болған Қудай бизлерди соншел-
ли сүйгенликтен, 5 гүналарымыз
себепли өли болсақ та, бизлер-
ди Масийх пенен бирге тирилт-
ти. Сизлер Оның мийрими менен
қутқарылдыңыз. 6 Бизлер Масийх
Ийса менен қатнаста болғанлық-
тан, Қудай бизлерди Масийх пе-
нен бирге тирилтип, Оның менен
бирге аспандағы орынлардан бер-
ди. 7 Қудай Масийх Ийса арқалы
бизлерге реҳим етип, Өз мийри-
миниң шексиз байлығын келешек
дəўирлерде көрсетиў ушын усылай
иследи. 8 Сизлер исенимиңиз ар-
қалы Қудайдың мийрими менен
қутқарылдыңыз. Бул сизлердиң
жетискенлигиңиз емес, ал Қудай-
дың сыйы болғанлықтан, 9 ҳеш ким
ислерим себепли қутқарылғанман
деп, мақтана алмайды. 10 Себеби
бизлер Қудайдың дөретпесимиз.
Өзи алдын ала таярлаған жақсы
ислерин ислеп жасаўымыз ушын,
Ол бизлерди Масийх Ийса арқа-
лы жаратты.

### Ийса Масийх арқалы бирлесиў

11 Сонлықтан мыналарды еске тү-
сириңлер: сизлер бир ўақытлары
бутқа табыныўшы миллет адамы бо-
лып туўылып, денесиндеги ети қол
менен кесилип сүннет етилген яҳу-
дийлер тəрепинен «сүннетсизлер»

a **1:20** Заб 109:1.

деп аталатуғын едиңлер. 12 Ол ўа-
қытлары сизлер Масийх пенен бай-
ланысы жоқ, Израил халқына жат
ҳәм ўәдеден ибарат болған келисим-
лерден бийнесип адамлар едиңлер.
Бул дүньяда үмитсиз ҳәм қудайсыз
болып жасадыңлар. 13 Бирақ бурын
Қудайдан узақ болған сизлер енди
Масийх Ийса менен қатнас жасап,
Масийхтың қаны арқалы Қудайға
жақын болдыңлар.
14 Өйткени Масийхтың Өзи – яҳу-
дийлер менен басқа миллетлерди
бирлестирген бизиң жарастырыў-
шымыз. Ол Өз денесин қурбан етип,
арадағы айырып турған дийўалды,
яғный душпанлықты жоқ қылды.
15 Яҳудийлер менен басқа миллет-
лерден Өзи менен байланыста бола-
туғын бир жаңа халықты жаратыў
мақсетинде, Ол буйрық ҳәм қағый-
далардан ибарат болған Нызамды
бийкар етти. Буны тынышлықты
орнатып, 16 душпанлықты жоқ
қылған атанақ ағаш арқалы еке-
ўин бир жаңа халық қылып, Қудай
менен жарастырыў ушын иследи.
17 Масийх келип, Қудайдан узақ
болған сизлерге ҳәм Қудайға жа-
қын болған яҳудийлерге тыныш-
лық Хош Хабарын жәриялады. 18 Ол
арқалы бизлер ҳәммемиз бир Му-
хаддес Руўх пенен Әкемиз Қудай-
дың алдына бара аламыз. 19 Солай
етип, енди сизлер жат ҳәм шет
жерли адам емессизлер, ал мухад-
деслерге ўатанлас, Қудайдың ша-
ңарағының ағзаларысыз. 20 Сизлер
елшилер ҳәм пайғамбарлар салған
тырнақ тас үстине қаландыңлар. Ал
имараттың мүйешиниң тийкарғы
тасы – Масийх Ийсаның Өзи бола-
ды. 21 Онда пүткил имарат қуралып,
Жаратқан Ийеге тийисли бир му-
хаддес Ибадатхана болыў ушын
өсип барады. 22 Масийх пенен қат-
наста болған сизлер де Қудайдың
Мухаддес Руўхы арқалы жасай-
туғын мәкан болыўыңыз ушын,
ҳәммеңиз бирликте қуралып ба-
расызлар.

### Павел билдирген сыр

3 1 Сол себептен мен, Павел, бас-
қа миллетлерден болған сизлер
ушын, Масийх Ийсаның тутқыны
болдым. 2 Сизлер ушын Қудайдың
Өз мийрими менен маған берген бул
хызмети ҳаққында, әлбетте, еситкен-
сизлер. 3 Жоқарыда қысқаша жазып
өткенимдей, Қудай маған Өз сырын
аян арқалы билдирди. 4 Бул хатты
оқығаныңызда, Масийхтың сырын
қалай түсингенимди билип алыўы-
ңыз мүмкин. 5 Адамзаттың әўелги
әўладларынан қупыя тутылып, ен-
ди Қудайдың мухаддес елшилерине
ҳәм пайғамбарларға Мухаддес Руўх
арқалы ашып берилген бул сыр мы-
надан ибарат: 6 басқа миллетлер де
яҳудийлер менен бирге мийрасқа ше-
рик ҳәм бир дениниң ағзалары. Олар
Хош Хабар арқалы Масийх Ийса
себепли берилген ўәдеге де шерик.
7 Қудайдың ҳәрекет ететуғын қү-
дирети менен, маған берилген мий-
риминиң сыйы арқалы мен Хош
Хабарды жәриялаў ушын хызметке
тайынландым. 8 Мен барлық му-
хаддеслер ишинде ең арзымаға-
ны болсам да, басқа миллетлерге
Масийхтың шексиз байлығы ҳақ-
қында жәриялаў ушын, Қудай ма-
ған усы мийримин берди. 9 Және де,
ҳәмме нәрсени* жаратқан Қудай
Өзинде әўелден-ақ сақланған

сырлы жобасын ҳәммеге ашып бе-
риў ушын да, маған усы мийримин
берди. 10 Солай етип, Қудайдың
мақсети – исениўшилер жәмәәти
арқалы аспандағы ҳәкимшилик-
лерге ҳәм бийликлерге Өзиниң көп
қырлы ақыл-даналығын ҳәзир мә-
лим етиў. 11 Қудай усы мәңгилик
мақсетин Ийемиз Масийх Ийса
арқалы әмелге асырды. 12 Бизлер
Масийх пенен қатнаста болып,
Оған деген исенимимиз арқалы
Қудайға батырлық ҳәм толық
исеним менен жақынласа аламыз.
13 Сонлықтан сизлер ушын шеккен
азапларым себепли қайғырмаўы-
ңызды өтиниш етемен. Мен шек-
кен бул азаплар сизлерге уллылық
алып келеди.

## Масийхтың сүйиспеншилигин билиў

14 Сол себептен мен аспандағы
Әкемиздиң алдында* дизе бүгип,
дууа етемен. 15 Ол аспандағы ҳәм
жер жүзиндеги ҳәр қандай миллет-
ке ат берген. 16 Қудай Өз уллылы-
ғының байлығы бойынша ишки
дүньяңызды беккемлеў ушын, Өз
Руўхы арқалы сизлерге күш-қу-
ўат берсин. 17 Исенимиңиз арқалы
Масийх жүреклериңизде жасасын.
Сүйиспеншиликке тамыр урып ҳәм
тийкарланып, 18 барлық мухад-
деслер менен бирге Масийхтың
сүйиспеншилигиниң қаншелли
кең, узын, бийик ҳәм терең екен-
лигин түсинип алғайсыз. 19 Және
де, сизлер ақыл-ойға сыймайту-
ғын усы сүйиспеншиликти билип,
Қудайдың пүткил толылығына
толып барғайсыз. 20 Бизлерде ҳәре-
кет етиўши қүдирети менен, Қудай
бизлердиң тилеген ҳәм ойлаған ҳәр
бир нәрсемизди артығы менен ис-
лей алатуғын күшке ийе. 21 Оның
даңқы Масийх Ийса менен қатнас-
та болған исениўшилер жәмәәтин-
де, әўладтан-әўладқа, мәңги-бақый
арта берсин! Аўмийин.

## Масийхтың денеси болған жәмәәттиң бирлиги

4 1 Солай етип, Ийемиз ушын
тутқын болған мен сизлерден
жалынып сорайман: Қудайдың
өзлериңизди шақырған өмирине
ылайықлы түрде жасаңлар. 2 То-
лық кишипейиллик, мүләйимлилик
ҳәм сабырлылық пенен жасаңлар.
Бир-бириңизди сүйип, мийзамкеш
болыңлар. 3 Өзлериңизди бирлести-
риўши тынышлық пенен, Мухаддес
Руўх берген бирликти сақлаўға ты-
рысыңлар. 4 Қудай сизлерди шақыр-
ғанда бир үмитти берди. Сол сыяқлы,
ҳәммемиз бир денемиз ҳәм бир Му-
хаддес Руўхқа ийемиз. 5 Ийемиз бир,
исенимимиз бир, суўға шомылды-
рылыў рәсимимиз бир. 6 Қудай да
бир. Ол ҳәмметиң үстинен ҳүким-
дар, ҳәмме арқалы ҳәрекет етиўши,
ҳәммемизде бар болған, ҳәммемиз-
диң Әкемиз.

7 Бирақ Қудай ҳәр биримизге
Масийхтың сақыйлығына муўа-
пық Өз мийримин сыйға берди.
8 Сонлықтан Мухаддес Жазыўда
былай делинген:

«Ол жоқарыға шығып,
Тутқынларды тутқын етти.
Адамларға сыйлар берди».[a]

---

[a] **4:8** Заб 67:19.

9 Енди бул: «Ол жоқарыға шық-
ты» деген сөзлер нени аңлатады?
Масийх бурын төменге, жерге
түсти дегенди аңлатады. 10 Түскен
Адам да, ҳәр бир нәрсени толтырыў
ушын аспаннан да бийигирекке
шыққан Адам да – Сол. 11 Масийх
гейбиреўлерди елши, базыларды
пайғамбар, айырымларды Хош Ха-
барды жәриялаўшы, ал биреўлерди
жәмәәт шопаны ҳәм устаз қылып
қойды. 12 Ол буны мухаддеслерди
хызметке таярлаў ҳәм Өз денеси
болған жәмәәтти беккемлеў ушын
иследи. 13 Нәтийжеде бизлердиң
ҳәммемиз Қудайдың Улына исе-
ниўде ҳәм Оны билиўде бирликке
ерисип, Масийхтың толық минсиз-
лигине дейин өсип барамыз.

14 Солай екен, ендигиден былай,
гөдек болмайық. Адамлардың жа-
латайшылығы ҳәм ҳийлекерлиги
арқалы пайда болған ҳәр түрли
тәлиматлардың самалы менен ана
жақтан мына жаққа шайқатылма-
йық. 15 Керисинше, ҳақыйқатлық-
ты сүйиспеншилик пенен айтып,
денениң басы болған Масийхқа
қарай ҳәр тәреплеме өсип барайық.
16 Оның басқарыўында пүткил де-
нениң мүшелери өз ара биригип,
ҳәр бир мүше өз миннетин атқа-
рыўы арқалы бир-бирине жәрдем
берип, байланыс жасайды. Усылай
етип, пүткил дене сүйиспеншилик
пенен өсип, өзин беккемлеп барады.

### Ески ҳәм жаңа өмир

17 Сонлықтан мен усыны айтып,
сизлерди Ийемиздиң атынан ескер-
темен: буннан былай, бутқа табы-
ныўшы миллетлердиң адамлары
сыяқлы, бос ой-қыялларға берилип
жасаманңлар. 18 Олардың сана-се-
зимлери топырланып, ишинде-
ги наданлық ҳәм жүреклериндеги
қаталлық себепли, Қудайдан бе-
рилген өмирге жат болған. 19 Олар
пүткил ар-намыс сезимлерин
жойтқан, ҳәр түрли ҳарамылық-
ты нәпсиқаўлық пенен ислеў ушын,
бузықшылыққа берилген.

20 Бирақ сизлер Масийхты
бундай қылып танымағансыз.
21 Әлбетте, сизлер Ийса Масийх
ҳаққында еситкениңизден кейин,
Оның менен қатнаста болып, Он-
дағы ҳақыйқатты үйрендиңлер.
22 Сол себептен бурынғы өмир жо-
лыңыздан, яғный денениң жаман
қәлеўлери себепли ширигген ес-
ки тәбиятыңыздан ўаз кешиңлер.
23 Ой-пикирлериңизди ҳәм руў-
хыңызды жаңалап, 24 Қудайға уқ-
сатылып жаратылған, шын ҳақлық
ҳәм мухаддесликтен ибарат жаңа
тәбиятқа бөлениңлер.

### Жаңа өмир қағыйдасы

25 Сонлықтан өтириктен ўаз ке-
шип, ҳәр бириңиз исениўши туўыс-
қаныңызға ҳақыйқатты айтыңлар.
Себеби ҳәммемиз бир денениң мү-
шелеримиз. 26 Ғәзепленсеңиз де,
гүна ислемеңлер. Қуяш батқанша,
ғәзептен қайтыңлар. 27 Шайтанға
жол берменңлер. 28 Урлық ислеген
ендигиден былай урлық ислеме-
син. Керисинше, мүтәж адамларға
үлестиретуғын бир нәрсеси болы-
ўы ушын, ол өз қоллары менен ҳа-
дал мийнет етсин.

29 Аўызларыңыздан ҳеш бир жа-
ман сөз шықпасын. Ал орны менен
сөйлеп, еситкенлердиң руўхын кө-
теретуғын пайдалы сөзлерди айтың.

30 Қудайдың Мухаддес Руўхын қапа
қылмаңлар. Қутқарылатуғын кү-
ниңиз ушын усы Руўх пенен мөр-
ленгенсизлер. 31 Жек көриўшилик
пенен бирликте ҳәр бир жаман
нийет, ашыў, ғәзеп, бақырыс ҳәм
өсек сизлерден аўлақ болсын. 32 Ал
бир-бириңизге мийирман ҳәм жан
ашыр болыңлар. Қудай сизлерди
Масийх арқалы кеширгендей, сиз-
лер де бир-бириңизди кешириңлер.

### Нурға тийисли адамларға сай жасаңлар!

5 1 Солай етип, Қудайдың сүйик-
ли балалары болған сизлер
Оған еликлеңлер! 2 Масийх биз-
лерди сүйип, бизлер ушын Қудай-
ға унайтуғын хош ийисли садақа
ҳәм қурбанлық болып, Өзин Қудай-
ға бағышлады. Сол сыяқлы, сизлер
де усындай сүйиспеншилик пенен
жасаңлар.
3 Ҳеш қандай бузықшылық, ҳара-
мылық ҳәм нәпсиқаўлық араңызда
тилге де алынбасын. Бул мухад-
деслерге минәсип емес. 4 Араңызда
уят ҳәм пәтиўасыз гәплер, турпа-
йы ҳәзил де болмасын. Бул сизлер-
ге минәсип емес. Бунының орнына,
Қудайға шүкирлик билдириңлер.
5 Мынаны анық билип қойыңлар:
ҳеш бир бузық, ҳарам, нәпсиқаў, яғ-
ный бутпараз адам Масийхтың ҳәм
Қудайдың Патшалығын мийрас
етип алмайды. 6 Ҳеш ким сизлер-
ди өтирик сөзлер менен алдамасын.
Жоқарыда айтылған ислер себеп-
ли, Өзине бойсынбайтуғынларға
Қудайдың ғәзеби келеди. 7 Сонлық-
тан бундайларға шерик болмаңлар.
8 Сизлер бир ўақытлары қараң-
ғылық едиңиз, бирақ енди болса,
Ийемиз арқалы нур болдыңлар.
Сол себептен нурға тийисли адам-
ларға сай жасаңлар. 9 Өйткени нур-
дағы өмирдиң жемиси – ҳәр түрли
жақсылық, ҳақлық ҳәм ҳақыйқат-
лықтан ибарат. 10 Ийемизге нениң
унайтуғынын айырып билиңлер.
11 Қараңғылықтағы өмирдиң же-
миссиз ислерине қатнаспаңлар. Ке-
рисинше, оларды әшкара етиңлер.
12 Қараңғылықтағы адамлардың
жасырын қылған ислерин айтыў-
дың өзи қатты уят. 13 Бирақ, қа-
раңғылыққа нур шашылса, ҳәмме
нәрсе анық көринеди. 14 Себеби
Қудайдың нурында көринген ҳәр
бир адам – нур. Сол себептен бы-
лай делинген:
«Оян, ҳәй уйқыда жатқан,
Өлилер ишинен тирил!
Масийх саған нур шашар».
15 Солай етип, қалай жасаў ке-
реклигине дыққат аўдарып, на-
дан адамлар сыяқлы емес, ал
дана адамлар сыяқлы жасаңлар.
16 Ўақыттан үнемли пайдаланың-
лар. Өйткени ҳәзирги күнлер жа-
ўызлыққа толы. 17 Сол себептен
ақылсыз болмай, Ийемиздиң қә-
леўиниң не екенин түсиниңлер.
18 Шарап ишип, мәс болмаңлар,
бул адамның бузылыўына алып
келеди. Ал бунының орнына, Му-
хаддес Руўхқа толыңлар. 19 Забур
жырларындағы, алғыс-мақтаў қо-
сықларындағы ҳәм руўхый қосық-
лардағы сөзлерди бир-бириңизге
айтып, Ийемизди қосық-намалар
менен шын жүректен алғыслаң-
лар. 20 Бәркулла ҳәмме нәрсе ушын,
Ийемиз Ийса Масийхтың аты ме-
нен Әкемиз Қудайға шүкирлик
билдириңлер.

### Ерли-зайыплылар арасындағы қатнасық ҳаққында

[21] Масийхқа деген ҳүрметиңиз
себепли, бир-бириңизге бойсы-
ныңлар.
[22] Ҳәй ҳаяллар, Ийемизге бойсы-
натуғыныңыз сыяқлы, күйеўлери-
ңизге де бойсыныңлар! [23] Себеби
Масийх исениўшилер жәмәәти-
ниң басы болғаны сыяқлы, кү-
йеўи де ҳаялының басы. Масийх
Өз денесиниң, яғный исениўши-
лер жәмәәтиниң Қутқарыўшысы.
[24] Исениўшилер жәмәәти Масийх-
қа бойсынатуғыны сыяқлы, ҳа-
яллар да ҳәмме исте күйеўлерине
бойсынсын.
[25] Ҳәй күйеўлер, Масийх исе-
ниўшилер жәмәәтин сүйип, оның
ушын Өзин қурбан еткени сыяқ-
лы, сизлер де ҳаялларыңызды сү-
йиңлер. [26] Масийх исениўшилер
жәмәәтин суў менен жуўып[a] ҳәм
Қудайдың сөзи менен тазалап, оны
мухаддес қылыў ушын, Өзин қур-
бан етти. [27] Буны Ол үстинде ҳеш
бир дақ, жыйрық ямаса буған уқ-
саған бир нәрсеси жоқ, мухаддес
ҳәм минсиз болған салтанатлы жә-
мәәтти Өзине алыў ушын иследи.
[28] Сол сыяқлы, күйеўлер де ҳаялла-
рын өз денесин сүйгендей сүйиўи
шәрт. Өз ҳаялын сүйген өзин сүй-
ген болады. [29] Ҳеш ким ҳеш қашан
өз денесин жек көрмеген. Керисин-
ше, Масийх исениўшилер жәмәәти-
не ғамхор болғаны сыяқлы, адам
өз денесин азықландырып, оған
ғамхорлық қылады. [30] Өйткени
бизлер Масийхтың денесиниң* мү-
шелеримиз. [31] «Сонлықтан ер адам
ата-анасын қалдырып, өз ҳаялына
қосылады ҳәм екеўи бир дене бо-
лады».[b] [32] Бул сыр уллы. Мен буны
Масийхқа ҳәм исениўшилер жәмә-
әтине байланыслы айтып атырман.
[33] Солай етип, ҳәр бириңиз өз ҳая-
лын өзин сүйгендей сүйсин. Ҳаял
да күйеўин ҳүрмет етсин.

### Ата-ана ҳәм балалар арасындағы қатнасықлар ҳаққында

6 [1] Ҳәй балалар, Ийемизге тийис-
ли болған сизлер, ата-анаңызға
бойсыныңлар! Себеби усылай ис-
легениңиз дурыс болады. [2] «Ата-
анаңды ҳүрметле», – бул ўәде менен
бирге берилген ең баслы буйрық.
[3] Сол ўәде болса мынадай: «Сонда
сен берекет табасаң ҳәм жердеги
өмириң узақ болады».[c]
[4] Ҳәй әкелер, балаларыңыздың
ашыўын келтирмеңлер. Оларды
Ийемиздиң тәлим-тәрбиясы ме-
нен өсириңлер.

### Хожайынлар ҳәм қуллар ҳаққында

[5] Ҳәй қуллар, дүньядағы хожа-
йынларыңыздың сөзин Масийхтың
сөзин тыңлағандай, терең ҳүрмет,
қорқыў ҳәм пәк жүрек пенен тың-
лаңлар. [6] Буны адамларға жақсы
көрингиси келетуғынлар сыяқлы,
көзабаға ислемеңлер. Қудайдың

---

a **5:26** *Суў менен жуўыў* – шомылдырыў рәсиминен өткизиў.
b **5:31** Жар 2:24.
c **6:2-3** Шығ 20:12; Нзм 15:16.

қәлеўин Масийхтың қуллары сы-
патында шын жүректен орынлаң-
лар. 7 Адамларға емес, ал Ийемизге
хызмет етип атырғандай, инта ме-
нен хызмет етиңлер. 8 Өйткени қул
болсын, азат адам болсын, ҳәр бир
адамның ислеген жақсылығының
Ийемизден қайтатуғынын биле-
сизлер.

9 Ҳәй хожайынлар, сизлер де
қулларыңызға усындай қатнаста
болып, оларды қорқытыўды тоқ-
татыңлар. Себеби олардың да, сиз-
лердиң де Ийеңиз аспанда екенин
ҳәм Оның адамларды айырмайту-
ғынын билесизлер.

### Шайтанға қарсы руўхый урыс

10 Жуўмақлап айтқанда, Ийемиз
бенен қатнаста болып, Оның қү-
диретиниң күши менен беккем-
ленип барыңлар. 11 Шайтанның
ҳийлелерине қарсы тура алыў
ушын, Қудайдың барлық саўыт-
сайманлары менен қуралланың-
лар. 12 Өйткени урысымыз қан ҳәм
еттен ибарат болған адам баласы-
на қарсы емес, ал бул дүньядағы
көзге көринбейтуғын ҳәкимлерге,
бийлеўшилерге, бул қараңғы за-
манның күшлерине ҳәм аспандағы
жаўыз руўхларға қарсы. 13 Сонлық-
тан жаман күнде оларға қарсылық
көрсете алыўыңыз ушын ҳәм толық
жеңиске ерискениңизден соң, бек-
кем тура алыўыңыз ушын, Қудай-
дың барлық саўыт-сайманлары
менен қуралланыңлар.

14 Солай етип, орныңызда беккем
турыңлар. Белиңизди ҳақыйқат
белбеўи менен буўып, көкиреги-
ңизге ҳақлық саўытын кийиң-
лер. 15 Тынышлық Хош Хабарын
жәриялаў таярлығын аяқлары-
ңызға аяқ кийим қылып кийиң-
лер. 16 Булардың ҳәммесине қоса
шайтанның барлық отлы оқларын
өшире алатуғын исеним қалқанын
қолларыңызға алыңлар. 17 Қутқа-
рылыў дуўлығасын ҳәм Қудайдың
сөзи болған Мухаддес Руўхтың
қылышын алыңлар. 18 Ҳәр түр-
ли тилек ҳәм жалбарыныў менен,
Мухаддес Руўхтың басқарыўын-
да ҳәмме ўақыт дуўа етиңлер. Усы
мақсет пенен сергек болып, пүт-
кил мухаддеслер ушын табан ти-
реп сораңлар. 19 Мен ушын да дуўа
етиңлер. Аўзымды ҳәр ашқанымда
маған керекли сөз берилип, Хош
Хабардың сырын батырлық пенен
билдире алайын. 20 Және де, Хош
Хабар ушын елши болған мен ҳә-
зир тутқын болсам да, Хош Хабар-
ды ылайықлы түрде мәртлик пенен
жәриялаўым ушын да дуўа етиңлер.

### Соңғы сәлемнама

21 Аўҳалымның қалай екенин
ҳәм не ислегенимди сизлер де би-
лиўиңиз ушын, сүйикли туўысқа-
нымыз ҳәм Ийемиздиң исенимли
хызметшиси Тихик сизлерге ҳәм-
месин айтып береди. 22 Мине, мен
усы мақсет пенен оны сизлерге
жиберип атырман. Ол ҳал-жағда-
йымызды билдирип, сизлердиң
кеўиллериңизге жубаныш береди.
23 Әкемиз Қудай ҳәм Ийемиз Ийса
Масийх туўысқанларға тыныш-
лық ҳәм исеним менен бирликте
сүйиспеншилик берсин. 24 Ийе-
миз Ийса Масийхты өшпес сүйис-
пеншилик пенен сүйиўшилердиң
ҳәммесине Қудайдың мийрими
яр болсын!

# Филиплилерге жазылған хат

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Бул хатты елши Павел Ийсаның Хош Хабарын тарқатқаны ушын қамақта болған ўақтында Филип қаласындағы исениўши жәмәәтке жазған.

Филип қаласы Македония үлкесинде жайласқан еди. Павел өзиниң екинши сапарының ўақтында бул қалада болғанда, ол арқалы усы жерде исениўши жәмәәт пайда болған еди (Елш 16:12). Бул қаладағы исениўши жәмәәт кишкене болса да, бастан аяғына дейин Павелдиң хызметине шерик болып, көп жәрдем еткен еди ҳәм бул жәмәәт пүткил исениўши жәмәәтлерге үлги көрсеткен еди.

Павелдиң бул хатты жазғандағы баслы мақсети – берген жәрдемлери ушын филиплилерге рахмет айтыўдан ибарат еди. Және де, Павел өз хатында Хош Хабардың қандай түрде жәрияланып атырғаны ҳаққында сөз етеди ҳәм филиплилерге нәсият етип, қыйыншылықларға турақлылық пенен шыдаў ҳәм қандай жағдай болыўына қарамастан, қуўаныў кереклигин айтады. Оларды кишипейил болыўға ҳәм бирликке шақырады.

Павел сол ўақытта қамақта болса да, қуўаныш ҳаққында жазады. Бул хатта қуўаныш сөзи 16 мәртебе ушырасады. Бундай қуўаныш Қудай беретуғын тынышлыққа тийкарланған.

### Сәлемнама

**1** ¹ Масийх Ийсаның құллары болған бизлер, Павел ҳәм Тимофейден, Филип қаласындағы Ийса
Масийхқа тийисли болған барлық
мухаддеслерге[a], әсиресе жәмәәт жетекшилери менен хызметшилерине
сәлем! ² Әкемиз Қудай ҳәм Ийемиз
Ийса Масийх сизлерге мийрим ҳәм
тынышлық берсин!

### Павелдиң шүкирлик билдирип, дуўа етиўи

³ Сизлерди ҳәр сапар еске алғанымда, Қудайға шүкирлик билдирип атырман. ⁴ Мен Қудайға дуўа

a 1:1 *Мухаддеслер* – Ийсаға исениўшилер.

еткенимде, сизлер ушын ҳәр қашан қуўаныш пенен сорайман. [5] Себеби сизлер бастан баслап ҳәзирги ўақытқа дейин Хош Хабарды жәриялаўға үлес қосып келмектесизлер. [6] Сизлердиң араңызда жақсы исти баслаған Қудайдың буны Масийх Ийсаның күнине шекем толық тамамлайтуғынына анық исенемен. [7] Ҳәммеңиз туўралы усындай пикирде болыўым орынлы, өйткени сизлер ҳәмме ўақыт мениң жүрегимдесиз. Мен тутқын болғанымда да, Хош Хабарды жақлағанымда да, оның ҳақыйқатын турақлылық пенен дәлиллегенимде де, ҳәммеңиз мениң менен бирге Қудайдың мийримин бөлисип келмектесиз. [8] Сизлердиң ҳәммеңизди Масийх Ийсаның сүйиспеншилиги менен қалай сағынғаныма Қудайдың Өзи гүўа. [9] Сүйиспеншилигиңиз толық билим ҳәм терең түсиниўшилик пенен өсип арта бериўи ушын дуўа етип атырман. [10] Солай етип, сизлер ең жоқары ийгиликтиң не екенин айыра алатуғын болып, Масийхтың келетуғын күнинде пәк ҳәм минсиз боласызлар. [11] Және де, Қудайды уллылап, алғыс-мақтаўлар айтыўыңыз ушын, Ийса Масийх арқалы ҳақлық жемисине бай боласызлар.

### Өмиримниң мәниси – Масийх

[12] Туўысқанларым, мынаны билиўиңизди қәлеймен: мениң басымнан кеширгенлерим Хош Хабардың және де көбирек жайылыўына ҳақыйқаттан да жәрдем етти. [13] Мениң Масийх ушын тутқын болғаным пүткил сарай сақшыларына ҳәм қалған ҳәмме адамларға мәлим болды. [14] Сондай-ақ, мениң тутқынлығым себепли, көплеген туўысқанларымыздың Ийемизге деген исеними беккемленди. Олар қорқпастан, Қудайдың сөзин бурынғыдан да көбирек батырлық пенен айтыўға киристи. [15] Дурыс, гейбиреўлер Масийх ҳаққында күншиллик пенен, жарыспаққа жәрияласа, ал базылар жақсы нийет пенен жәриялламақта. [16] Усы кейингилер мениң бул жерге Хош Хабардың қорғаўшысы етип қойылғанымды билип, буны сүйиспеншилик пенен ислеп атыр. [17] Ал алдынғылары мениң тутқынлық аўҳалымды еле де аўырластырмақшы болып, Масийх ҳаққында өзлериниң атақ-абырайлары ушын напәк нийет пенен жәрияламақта. [18] Бирақ, солай болса не болыпты? Мейли, жаман нийет пенен болсын, мейли, ҳақ нийет пенен болсын, Масийх ҳаққында қандай жол менен жәрияланса да, мен буған қуўанаман.

Аўа, мен қуўана беремен де. [19] Себеби сизлердиң еткен дуўаларыңыздың ҳәм Ийса Масийхтың Руўхының жәрдеми менен, бул аўҳалымнан азат болатуғынымды билемен.

[20] Қандай жағдай болса да, шерменде болмаўды қәлеймен. Тири болсам да, өлсем де, ҳәр қашан болып келгениндей, ҳәзир де Масийхты денемде уллылаў ушын толық батырлық көрсетиўден беккем үмит етемен. [21] Өйткени мениң ушын өмиримниң мәниси – бул Масийх, ал өлим утыс демек. [22] Бирақ, егер бул дүньяда өмир сүриўим арқалы өнимли мийнет етсем, онда нени таңлаўды билмеймен. [23] Мени еки тәреп те өзине тартады.

Бул дүньядан кетип, Масийх пенен
бирге болыўды қәлеймен. Себеби
бул анағурлым жақсырақ. 24 Би-
рақ, бул дүньяда қалыўым сизлер
ушын кереклирек. 25 Буған көзим
жеткенликтен, қалатуғынымды
билемен. Исенимде өсип қуўаны-
ўыңыз ушын, ҳәммеңиз бенен бир-
ге боламан. 26 Солай етип, және
жаныңызға келгенимде, Масийх
Ийсада мен себепли және де көби-
рек мақтана аласызлар.

27 Тек жасап атырған өмириңиз
Масийхтың Хош Хабарына ыла-
йықлы болсын. Сол ўақытта ке-
лип сизлерди көрсем де, алыста
болып ҳал-жағдайыңызды есит-
сем де, сизлердиң бир руўхта бек-
кем турғаныңызды, Хош Хабарға
деген исеним ушын бир жан, бир
тән болып гүресип атырғаныңыз-
ды билейин. 28 Және де, өзлери-
ңизге қарсы шыққанлардан ҳеш
қорқпайтуғыныңызды да еситейин.
Сизлердиң бундай батырлығыңыз
олардың набыт болатуғынының,
ал сизлердиң қутқарылатуғыны-
ңыздың белгиси ҳәм Қудайдың
иси. 29 Өйткени Қудай сизлерге
Масийхқа тек исениўди емес, ал
Ол ушын азап шегиўди де айрықша
ҳуқық етип берген. 30 Усы азапты
басымнан кеширгенимди сизлер
көрдиңлер ҳәм ҳәзир де азап шегип
атырғанымды еситип атырсызлар.
Мениң бул гүресиме сизлер де ше-
риксизлер.

### Масийхтан өрнек алың!

2 1 Егер сизлерде Масийхтан кел-
ген жигер, сүйиспеншиликтен
пайда болған жубаныш, Мухаддес
Руўх пенен қарым-қатнас, мийрим-
лилик ҳәм реҳимлилик бар болса,
2 онда бир пикир ҳәм сүйиспенши-
лик пенен, бир руўх ҳәм мақсет пе-
нен бирлесип, мениң қуўанышымды
толы қылың. 3 Ҳеш бир нәрсени өз
атақ-абырайыңызды асырыў ушын
ямаса мақтаншақлық пенен исле-
меңлер. Ал ҳәр бириңиз кишипейил-
лик пенен, басқаларды өзиңизден
үстин деп есаплаңлар. 4 Тек өзи-
ңиздиң ғана емес, ал басқалардың
да пайдасын гөзлеңлер.

5 Масийх Ийсада болған мына
кишипейилликке сизлер де ийе
болыңлар: 6 Масийх қудайлық тә-
биятқа ийе бола тура, Қудайға тең
атақты алыўға умтылыўды Өзине
минәсип көрмеди. 7 Ал Өз уллылы-
ғынан ўаз кешип, қул келбетин қа-
быллады. Ол адам болып туўылып,
адам көринисинде келди. 8 Ол Өзин
пәс тутты ҳәм өлимге, ҳәтте, атанақ
ағаштағы өлимге барып, Қудайға
бойсынды. 9 Сонлықтан да, Қудай
Оны ең бийик мәртебеге еристирди
ҳәм Оған барлық атлардан жоқа-
ры туратуғын атты берди. 10 Со-
лай етип, Ийсаның аты аталғанда
аспандағылардың, жердегилердиң
ҳәм жердиң астындағылардың бар-
лығы дизе бүгип, 11 Қудай Әкениң
уллыланыўы ушын, ҳәр бир тил
Ийса Масийхты Ийемиз деп ашық
мойынлайды[a].

### Қудайдың балаларына сай жасаңлар!

12 Солай етип, сүйикли ту-
ўысқанларым, мен жаныңызда

---

a **2:9-11** Ийш 45:23.

болғанымда, сизлер бәрқулла
Қудайға бойсынатуғын единңлер.
Ал ҳәзир жанынңызда жоқ ўақтым-
да да бурынғыдан көбирек бойсы-
нып, қорқыныш ҳәм сақлық пенен,
қутқарылыўыңызды әмелге асыра
бериңлер. 13 Себеби Өзине унаған
ислерди қәлеўиңиз ҳәм ислеўи-
ңиз ушын, Қудайдың Өзи сизлер-
ге түртки салады.
14 Ҳәр бир нәрсени тоңқылдамай
ҳәм тартыспай ислеңлер! 15-16 Сон-
да сизлер адасқан ҳәм бузылған
әўлад арасында Қудайдың кемши-
ликсиз, таза ҳәм минсиз балалары
боласызлар. Қудайдың өмир бере-
туғын сөзлерин басқаларға жетки-
зип, дүньядағы жулдызлар сыяқлы
жарқырайсызлар. Солай етип, ме-
ниң жан-тәним менен қылған мий-
нетим босқа кетпей, Масийхтың
қайта келетуғын күнинде мақтана
аламан. 17 Сизлердиң исеним бо-
йынша берген қурбанлығыңызды
ҳәм еткен хызметиңизди толықты-
рыў ушын, қаным ишимлик сада-
қасы сыяқлы төгилетуғын болса да,
мен қуўанаман ҳәм ҳәммеңиздиң
қуўанышыңызды бөлисемен. 18 Сол
сыяқлы, сизлер де қуўаныңлар ҳәм
мениң қуўанышымды бөлисиңлер.

## Тимофей ҳәм Эпафродит

19 Ҳал-жағдайыңызды билип, ме-
ниң де кеўлим жай табыў ушын,
Ийемиз Ийса қәлесе, Тимофейди
жақын арада сизлерге жибериўден
үмит етемен. 20 Өйткени ол сыяқлы,
шын жүректен сизлердиң ғамы-
ңызды ойлайтуғын мениң бас-
қа адамым жоқ. 21 Ҳәмме Масийх
Ийсаның емес, ал өз мәпин ойлай-
ды. 22 Бирақ Тимофейдиң исенимли
адам екени сизлерге мәлим. Себе-
би ол әкесиниң жанында хызмет
еткен ул сыяқлы, Хош Хабардың
жәрияланыўы ушын мениң қасым-
да хызмет етти. 23 Жағдайымның
қандай болатуғыны белгили бо-
лыўдан, оны дәрриў жибериўден
үмит етемен. 24 Ийемизге исени-
мим кәмил, мениң өзим де жақын
арада барып қаламан.
25 Бирақ, мүтәж болғанымда ма-
ған жәрдем етиў ушын сизлердиң
жиберген елшиңиз, туўысқаным,
шеригим ҳәм Хош Хабар ушын са-
ўаштағы жолдасым Эпафродит-
ти сизлерге қайтарып жибериўди
мақул көрдим. 26 Өйткени ол ҳәм-
меңизди сағынып атыр ҳәм оның
аўырып қалғаны ҳаққында хабар
тапқаныңыз себепли, қатты уўа-
йымлады. 27 Ол ҳақыйқаттан да,
өлим төсегинде жатты. Деген ме-
нен, Қудай оған, тек оған емес, ал
қайғы үстине қайғы шекпеўим
ушын маған да реҳимлилик етти.
28 Сонлықтан оны және көрип қу-
ўаныўыңыз ушын ҳәм мениң қай-
ғыларым да жеңиллесиўи ушын,
оны қатты асығыслық пенен жа-
ныңызға жиберип атырман. 29 Оны
Ийемиздиң атынан үлкен қуўаныш
пенен қарсы алыңлар ҳәм усын-
дай адамларды ҳүрмет етиңлер.
30 Себеби сизлердиң маған ете ал-
маған хызметиңизди етиў ушын,
ол өз жанын қәўип астына қойып,
Масийхтың иси ушын бир өлим-
нен қалды.

## Қудайдың ҳақыйқатлығы

3 1 Туўысқанларым, жуўмақлап
айтқанда, Ийемиз бенен қат-
наста болып қуўаныңлар. Сизлерге

бирдей нәрселерди қайталап жазыў
мени зериктирмейди, және де бул
сизлер ушын зыянсыз.
2 Ийттей болған жалған муғал-
лимлерден, жаманлық ислеўши-
лерден, қутқарылыў ушын сүннет
етилиў тийис, деўшилерден сақ бо-
лыңлар! 3 Өйткени бизлер – руўхый
сүннет етилген Қудайдың халқы-
мыз. Бизлер Қудайға Оның Руўхы
арқалы сыйынамыз, Масийх Ийса
менен мақтанып, өз денемизге сү-
йенбеймиз. 4 Негизинде мен оларға
сүйене алар едим. Егер басқа биреў
өз шығысыма ҳәм ерискен нәрсе-
леріме сүйениўге дәлилим бар деп
ойласа, меники оникинен де көби-
рек: 5 мен сегиз күнлик ўақтымда
сүннет етилдим. Израил халқынан,
Бенямин урыўынан болған нағыз
еврейм ен. Мухаддес Нызам бо-
йынша парисеймен. 6 Диний инта
бойынша исениўшилер жәмәәтин
қуўдалаған ҳәм Мухаддес Нызам
талап еткен ҳақлық бойынша кем-
шиликсиз адам едим.
7 Бирақ, бир ўақытлары әҳми-
йетли деп билген бул нәрселерим-
ди енди Масийх ушын пайдасыз
деп есаплайман. 8-9 Аўа, мен ҳәм-
ме нәрсени Ийем Масийх Ийсаны
билиўдиң артықмашлығы алдын-
да пайдасыз деп санайман. Және
де, мен Масийх ушын ҳәмме нәр-
седен бас тарттым ҳәм Оған ерисип,
Оның менен бирге болыў ушын,
ҳәммесин сыпырынды деп есап-
лайман. Енди Мухаддес Нызам-
ды орынлаўым арқалы алатуғын
өз ҳақлығыма емес, ал Масийхқа
деген исеним арқалы берилетуғын,
яғный Қудайдың исенимимизге қа-
рай беретуғын ҳақлығына ийемен.
10 Қәне енди, Масийхтың Өзин ҳәм
Оның қайта тирилиўиниң күшин
билип алсам. Оның азапларына
қатнасып, өлимине де шерик бол-
сам. 11 Солай етип, түбинде өлим-
нен қайта тирилиўге ериссем.

## Мақсетке жетиўге тырысыў

12 Мен буларға әлле қашан ерис-
кеним ямаса жетискеним ушын ай-
тып атырған жоқпан. Ал, Масийх
мени қандай мақсет ушын таңлап
алған болса, мен сол мақсетке же-
тиўге тырысып атырман. 13 Туўыс-
қанлар, мен өзимди усы мақсетке
жеттим деп есапламайман. Тек ға-
на изде қалғанларды естен шыға-
рып, алдындағыларға умтылып
атырман. 14 Қудайдың сыйына,
Оның Масийх Ийса арқалы аспан-
ға шақырыўына ерисиў ушын, мен
белгиленген мақсетке жетиўге ты-
рысып атырман.
15 Солай етип, арамыздағы исе-
ними жетискен адамлардың ҳәм-
меси усы ой-пикирге ийе болсын.
Егер сизлер басқаша ойлайтуғын
болсаңыз, Қудай сизлерге буны да
ашып береди. 16 Деген менен, қан-
дай дәрежеге ерискен болсақ, сол
дәрежеге сай пикирлеп, сол дәре-
жеге сай өмир сүрейик.
17 Туўысқанларым, ҳәммеңиз
бирликте меннен өрнек алыңлар.
Бизлердиң сизлерге көрсеткен
өрнегимиз бойынша жасап атыр-
ғанларға дыққат аўдарып, олар-
дан үлги алыңлар. 18 Сизлерге көп
мәрте айтқанымдай, ҳәзир де көз
жасларымды төгип тәкирарлап
атырман: көп адамлар Масийх-
тың атанақ ағаштағы қурбанлы-
ғын қабыл етпей, Оның душпаны

болып жасамақта. 19 Бундайлардың
ақыбети – набыт болыў, олардың
қудайы – өз қулқыны. Олар уят-
сыз қылықлары менен мақтанып,
тек бул дүньяның қызығын ғана
ойлайды. 20 Бирақ, бизиң ўатаны-
мыз аспанда. Бизлер сол жерден
Қутқарыўшымыз болған Ийемиз
Ийса Масийхтың келиўин күтпек-
темиз. 21 Ҳәмме нәрсени бойсын-
дыра алатуғын қүдирети менен, Ол
бизлердиң ҳәлсиз ҳәм өткинши де-
немизди өзгертип, Өзиниң даңқлы
денесине уқсатады.

### Ақыл-нәсиятлар

4 1 Сонлықтан шын жүректен
сағынып жүрген сүйикли ту-
ўысқанларым, қуўанышым ҳәм
басымның тажы, Ийемиз бенен қат-
насыңыз беккем болсын, қәдирдан-
ларым!

2 Эводияға өтиниш етемен, Син-
тихияға да өтиниш етемен, Ийе-
миз бенен қатнаста болған сизлер,
аўызбиршиликли болыңлар! 3 Аўа,
садық Сизигус[a] саған да жалбары-
наман, бул ҳаялларға жәрдем бер.
Себеби олар мениң менен, Климент
пенен ҳәм басқа хызметшилер ме-
нен бирге Хош Хабарды жәриялаў
ушын аўыр мийнет етти. Олардың
ҳәммесиниң атлары Өмир кита-
бында[b] жазылған.

4 Ийемиз бенен қатнаста болып,
бәрқулла қуўаныңлар. Тәкирарлап
айтаман: қуўаныңлар. 5 Сизлердиң
адамгершилигиңиз ҳәмме адам-
ларға мәлим болсын. Ийемиздиң
келетуғын ўақты жақын. 6 Ҳеш нәр-
седен тәшиўиш шекпеңлер. Ал ҳәм-
ме нәрсе ушын Қудайға дуўа етип
ҳәм жалбарынып, ҳәр бир тиле-
гиңизди Оған шүкирлик пенен
билдириңлер. 7 Сонда ҳәр қандай
ақыл-ойдан зыят болған Қудайдың
тынышлығы Масийх Ийса арқалы
кеўиллериңизди ҳәм ой-пикирле-
риңизди қорғайды.

8 Туўысқанларым, жуўмақлап
айтқанда, тек ғана нелердиң ҳа-
қыйқый, нелердиң ҳүрметли,
нелердиң ҳақ, нелердиң пәк, не-
лердиң унамлы, нелердиң мақтаўға
турарлы, және де, нениң жақсы ҳәм
нениң алғысқа ылайықлы екени
ҳаққында терең ойлаңлар. 9 Мен-
нен нелерди үйренип, қабыл етип,
еситип ҳәм көрген болсаңыз, со-
ларды ислеңлер. Сонда тынышлық
бериўши Қудайдың Өзи сизлер ме-
нен бирге болады.

### Павелдиң миннетдаршылығы

10 Маған енди және ғамхорлық
көрсетип атырғаныңыз себепли,
Ийемизде қатты қуўанаман. Әлбет-
те, сизлер бурын да маған ғамхор-
лық қылыўды ойлайтуғын едиңиз,
бирақ буған мүмкиншилик жоқ
еди. 11 Мен бул сөзлерди мениң бир
мүтәжлигим болғанлықтан айтып
атырған жоқпан. Өйткени мен ҳәр
қандай жағдайда да барыма қа-
наат етиўге үйренгенмен. 12 Жоқ-
шылықта да, молшылықта да
жасаўдың не екенин билемен. Ҳәр
қандай аўҳалда да: тоқшылықта

---

a **4:3** *Сизигус* – «ҳақыйқый жолдас» дегенди билдиреди.
b **4:3** *Өмир китабы* – мәңгилик өмирге ийе болғанлардың атлары жазылған Қудайдың китабы.

ҳәм ашлықта, молшылықта ҳәм
мүтәжликте жасаўдың сырын үй-
рендим. 13 Маған күш-қуўат бере-
туғын Ийса Масийх пенен бирге
ҳәмме нәрсени ислей аламан.
14 Деген менен, сизлер мениң қы-
йыншылықларымды бөлисип, жақ-
сы иследиңлер. 15 Сиз филиплилер,
сизлерге биринши рет Хош Хабар-
ды жәриялап, Македониядан шық-
қан ўақтымда басқа жәмәәтлер емес,
ал тек сизлер ғана мениң менен
алыс-берис қылғаныңызды өзлери-
ңиз де билесизлер. 16 Мен Салони-
када болған ўақтымда да сизлер бир
неше мәртебе маған мүтәж нәрселе-
римди жеткиздиңлер. 17 Мен буны
сизлерден бир зат алмақшы болып
емес, ал сизлердиң есабыңызда руў-
хый жемис көбейсин деп айтып
атырман. 18 Менде ҳәмме нәрсе бар,
ҳәтте, артып та атыр. Эпафродит
арқалы жиберген нәрселериңизди
алғанлығым себепли, ҳеш мүтәж-
лигим қалмады. Бул нәрселер – хош
ийисли түтетки ҳәм Қудай унатып
қабыл ететуғын қурбанлық. 19 Ме-
ниң Қудайым сизлердиң ҳәр бир
мүтәжлигиңизди Масийх Ийса ар-
қалы Өзиниң салтанатлы байлығы
менен қанаатландырады. 20 Әкемиз
Қудайға мәңги-бақый даңқ болсын!
Аўмийин.

### Соңғы сәлемнама ҳәм тилек

21 Масийх Ийсаға тийисли бол-
ған барлық мухаддеслерге сәлем
айтыңлар. Жанымдағы туўысқан-
лар сизлерге сәлем айтып атыр.
22 Барлық мухаддеслер, әсиресе
Рим императорының сарайында-
ғылар сизлерге сәлем айтып атыр.
23 Ийемиз Ийса Масийхтың мий-
рими руўхыңызға яр болсын!

# Колосалыларға жазылған хат

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Бул хатты елши Павел Колоса қаласындағы исениўши жәмәәтке жазған.

Колоса қаласы Азия үлкесиниң (ҳәзирги Туркияның қубла-батыс бөлеги) пайтахты Эфес қаласынан 160 шақырым узақлықта жайласқан кишкене таўлы қала еди. Бул жердеги исениўши жәмәәт қала турғыны болған Эпафрас деген адам арқалы пайда болған еди (Кол 1:7). Эпафрас Хош Хабар себепли Римде қамақта болған Павелге барып, оған Колосада жалған тәлиматлардың бар екенин айтып береди. Бул жалған тәлиматларды үйретиўшилер мынадай тәлим берген: исениўши адам Ийсаға исениўден тысқары яҳудийлердиң үрп-әдетлерин орынлаўы, бул дүньяға тийкарланған философияларға бойсыныўы, периштелерге сыйыныўы, айрықша күнлерди белгилеўи ҳәм ишипжеўден өзин тыйыўы тийис.

Бирақ Павел өз хатында бул жалған тәлиматлардың мәниссиз екенин айтып, исениўши адамның Ийса Масийх пенен тығыз байланыста болыўының жеткиликли екенин нәсиятлайды. Өйткени қудайлық тәбияттың толылығына ийе болған Масийх себепли, исениўшилер Масийхтың толылығына ийе екенин түсиндиреди. Қудайдың Өз Улы Ийса арқалы аспан ҳәм жердегилерди Өзи менен жарастырғаны ҳаққында ҳәм хаттың ақырғы бабында исениўшилер қалай жасаў кереклиги туўрысында сөз етиледи.

---

### Сәлемнама

**1** [1] Қудайдың қәлеўи менен Масийх
Ийсаның елшиси болған мен,
Павелден ҳәм туўысқанымыз Тимофейден, [2] Колоса қаласындағы мухаддеслерге[a], яғный Масийхқа садық болған туўысқанларымызға сәлем! Әкемиз Қудай сизлерге мийрим ҳәм тынышлық берсин!

### Павелдиң Қудайға шүкирлик билдириўи ҳәм дуўа етиўи

[3] Сизлер ушын дуўа еткенимизде, Ийемиз Ийса Масийхтың

---

a **1:2** *Мухаддеслер* – Ийсаға исениўшилер.

Әкеси – Қудайға бәркулла шүкир-
лик билдиремиз. 4 Себеби сизлердиң
Масийх Ийсаға деген исенимиңиз
ҳәм пүткил мухаддеслерге деген сү-
йиспеншилигиңиз ҳаққында есит-
тик. 5 Сизлердиң бул исенимиңиз
ҳәм сүйиспеншилигиңиз аспанда
сизлер ушын сақлаўлы турған үмит-
ке негизленген. Сизлер усы үмит
ҳаққында ең дәслеп ҳақыйқат сөз-
лерин, яғный Хош Хабарды еситкен
ўақытта еситкенсизлер. 6 Сизлерге
жетип келген бул Хош Хабар пүт-
кил дүнья бойлап адамларды жақ-
сылыққа жетелеп, тарқалмақта. Сол
сыяқлы, сизлер Қудайдың мийрими
ҳаққында еситип, Оның ҳақыйқа-
тын билип алған күниңизден баслап,
Хош Хабар сизлерди де жақсылық-
қа жетелеп, тарқалмақта.

7 Сизлер Хош Хабар ҳаққында
бизлер менен бирге хызмет етету-
ғын сүйикли Эпафрастан тәлим ал-
дыңлар. Усы Эпафрас – сизлер ушын
мийнет етип атырған Масийхтың
садық хызметшиси. 8 Сизлердиң
Мухаддес Руўхтан алған сүйиспен-
шилигиңиз ҳаққында да бизлерге
ол билдирди.

### Масийхтың Өзлиги ҳәм Оның хызмети

9 Сол себептен усылар ҳаққында
еситкен күнимизден баслап, бизлер
де сизлер ушын үзликсиз дуўа етип,
Қудайдың қәлеўин пүткил руўхый
даналық ҳәм түсиник пенен толық
билиўиңиз ушын сорап атырмыз.
10 Бизлер және сизлердиң Ийемизге
ылайықлы болып жасаўыңыз, Оны
ҳәр тәреплеме ырза қылып, ҳәр бир
жақсы исте жемис бериўиңиз ҳәм
Қудайды билиўде өсип барыўыңыз
ушын да дуўа етип атырмыз. 11-
12 Оның уллылығының қүдирети-
нен толық күш-қуўат алып, ҳәмме
нәрсеге сабырлылық пенен шыдай
алыўыңыз ушын ҳәм Қудай Әке-
мизге қуўаныш пенен шүкирлик
ете алыўыңыз ушын да бизлер ду-
ўа етип атырмыз. Қудай Әкемиз
бизлерди нурдағы мухаддеслер-
диң мийрасына шерик болыўға
миясар қылды. 13 Қудай бизлерди
қараңғылықтың ҳүкимдарлығы-
нан қутқарып, сүйикли Улының
Патшалығына көширди. 14 Бизлер
Қудайдың Улының қаны арқалы
қутқарылдық, яғный гүналары-
мызға кеширим алдық.

15 Қудайдың Улы болған Масийх
көзге көринбейтуғын Қудайдың
қандай екенин көрсетеди ҳәм Ол
жаратылған ҳәмме нәрседен бурын
бар болған. 16 Өйткени аспандағы
ҳәм жердеги көзге көринетуғын ҳәм
көзге көринбейтуғын нәрселердиң
ҳәммеси Масийх тәрепинен жара-
тылған: тахтлар, ҳүкимдарлықлар,
ҳәкимшилик ҳәм бийликлер, ҳәмме
нәрсе Ол арқалы ҳәм Ол ушын жа-
ратылды. 17 Масийх ҳәмме нәрседен
бурын бар болған ҳәм ҳәмме нәр-
се Ол себепли бар болып турыпты.
18 Масийх – исениўшилер жәмәәти-
ниң, яғный Өз денесиниң басы ҳәм
жәмәәттиң тийкары. Ол ҳәмме нәр-
седен жоқары болыў ушын, өлилер
ишинен биринши болып тирилди.
19 Себеби Қудай Өзиниң пүткил то-
лылығының Онда болыўын мақул
көрди. 20 Масийхтың атанақ ағаш-
тағы қаны арқалы тынышлық ор-
натып, Қудай Ол арқалы жер ҳәм
аспандағылардың барлығын Өзи
менен жарастырыўды қәледи.

[21] Сизлер бир ўақытлары жа-
ман ис-ҳәрекетлериңиз себепли,
кеўиллериңиз бенен Қудайға жат
ҳәм душпан едиңлер. [22] Енди бол-
са, Қудай сизлерди Өзиниң алдын-
да мухаддес, минсиз ҳәм айыпсыз
қылып қойыў ушын, Масийхтың
денесиниң өлими арқалы сизлерди
Өзи менен жарастырды. [23] Тек ға-
на исенимде бәрқулла турақлы ҳәм
беккем болып, өзлериңиз еситкен
Хош Хабардың үмитинен тайма-
саңыз болғаны. Мен, Павел, ас-
пан астындағы пүткил адамзатқа
жәрияланған усы Хош Хабардың
хызметшиси болдым.

### Павелдиң исениўшилер жәмәәтине қылған хызмети

[24] Ҳәзир мен сизлер ушын азап
шегип атырғаныма қуўанышлы-
ман. Өйткени Масийхтың көрген
қыйыншылықларының жетпеген
мөлшерин Оның денеси болған исе-
ниўшилер жәмәәти ушын мен өз
денем менен азап шегип толтырып
атырман. [25] Қудайдың маған берген
тапсырмасы бойынша Оның сөзин
сизлерге толық жеткизиў ушын,
мен исениўшилер жәмәәтиниң хыз-
метшиси болдым. [26] Қудайдың Хош
Хабары өткен әсирлер менен әўлад-
ларда жасырын тутылды. Бирақ
енди усы сыр Оның мухаддеслери-
не аян болды. [27] Бул сырдың бас-
қа миллетлер ушын да қаншелли
уллы ҳәм бай екенин Қудай Өз му-
хаддеслерине билдириўди уйғар-
ды. Усы сыр – уллылыққа ерисиўге
үмит беретуғын ишиңизде жасаў-
шы Масийх. [28] Бизлер усы Масийх
ҳаққында ҳәммеге жәриялап атыр-
мыз. Масийх пенен қатнаста болған
ҳәр бир адамды Қудайға жетилис-
кен қылып усыныў ушын, бизлер
ҳәр бир адамды ескертип, толық
даналық пенен тәлим бермекте-
миз. [29] Масийхтың қүдирети менен
менде ҳәрекет етиўши күш бойын-
ша, мен де бул мақсет ушын бар кү-
шимди салып мийнет етпектемен.

## 2

[1] Мен сизлер ушын, сондай-
ақ, Лаодикиядағылар ҳәм мени
жүзбе-жүз көрмегенлердиң ҳәммеси
ушын қаншелли ғайрат салып атыр-
ғанымды билиўиңизди қәлеймен.
[2] Мениң усы ғайрат салыўымның
мақсети – сизлердиң кеўиллериңиз
жубаныш таўып, сүйиспеншилик пе-
нен бирлесиўиңизден ибарат. Солай
етип, сизлер минсиз түсиниктен пай-
да болатуғын кәмил исеним менен,
Қудайдың сыры болған Масийхты
билип аласызлар. [3] Масийхта ақыл-
даналықтың пүткил ғәзийнеси жа-
сырылған. [4] Буны мен ҳеш кимниң
сизлерди майлы тил менен алдап
кетпеўи ушын айтып атырман. [5] Се-
беби мениң өзим араңызда жоқ бол-
сам да, руўхым сизлер менен бирге
болып, араңыздағы тәртипти ҳәм
Масийхқа деген исенимиңиздиң бек-
кемлигин көрип, қуўанып атырман.

### Масийх пенен қатнаста болып жасаў

[6] Сонлықтан Масийх Ийсаны
Ийемиз деп қабыл еткен болса-
ңыз, Оның менен тығыз қатнаста
болып жасаңлар. [7] Онда тамыр жа-
йып ҳәм тикленип, өзлериңиз үй-
ренгендей, исенимде беккемленип
барыңлар ҳәм Қудайға сансыз шү-
кирлик билдириңлер. [8] Сақ болың-
лар! Масийхқа емес, ал адамлардың

үрп-әдетлерине ҳәм бул дүньядағы
мәниссиз қағыйдаларға тийкар-
ланған философия, бос ҳәм өти-
рик сөзлер менен ҳеш ким сизлерди
олжа етпесин. 9 Өйткени қудай-
лық тәбияттың пүткил толылығы
Масийхтың денесинде жасайды.
10 Сизлер де ҳәр қандай ҳәкимши-
лик ҳәм бийликтиң басы Масийх
пенен қатнаста болып, усы толы-
лыққа еристиңиз.

11 Сизлер Масийх пенен қатнас-
та болып, сүннет етилдиңиз. Бул
сүннет адамның қолы менен қы-
лынатуғын сүннет емес, ал Масийх
тәрепинен исленген сүннет бо-
лып, усы арқалы гүнакар тәбия-
тыңыз кесип тасланады. 12 Сууға
шомылдырылғаныңызда Масийх
пенен бирге көмилдиңлер ҳәм
Оны өлимнен тирилткен Қудай-
дың күшине исенип, сол ўақытта
Оның менен бирге тирилдиңлер.
13 Сизлер гүналарыңыз ҳәм гүна-
кар тәбиятыңыздың сүннетсиз-
лиги себепли өли единлер, бирақ
Қудай сизлерди Масийх пенен
бирге тирилтти. Ол барлық гүна-
ларымызды кеширди. 14 Мухаддес
Нызам талаплары бойынша биз-
лерге қарсы айып тағып, ҳүким
белгилейтуғын ҳүжжетти Қудай
өширди ҳәм оны атанақ ағашқа
шегелеп, жоқ қылды. 15 Ол руў-
хый ҳәкимлер менен бийлеўши-
лерди қуралсызландырды. Оларды
Масийхтың атанақ ағаштағы өли-
ми арқалы жеңип, көпшиликтиң
көз алдында масқара етти.

16 Солай етип, жейтуғын ҳәм ише-
туғын нәрселерге, байрамға, жаңа
айға ямаса Шаббат күнине байла-
ныслы ҳеш ким сизлерди ҳүким
етпесин. 17 Булар тек келиўи тийис
нәрсениң көлеңкеси, ал ҳақыйқат-
лық болса Масийхта. 18 Жалған
кишипейилликтен ҳәм периште-
лерге сыйыныўдан ләззет алату-
ғын ҳеш ким сизлерди сыйыңыздан
айырмасын. Олар тек өзлери көрген
аянларға ғана берилип, өз гүнакар
тәбиятының ақылы менен себеп-
сиз көкирек көтереди. 19 Бундайлар
исениўшилер жәмәәтиниң басы
болған Масийх пенен байланыс-
ты үзген. Әне усы бастан пүткил
дене буўын ҳәм сиңирдиң жәрде-
ми менен күш алып ҳәм бирлесип,
Қудайдың қәлеген жолы менен
өсип барады.

### Масийх пенен болған жаңа өмир

20-21 Егер сизлер Масийх пенен
бирге өлип, бул дүньяның мәнис-
сиз қағыйдаларынан қутылған
болсаңлар, онда неге бул дүньяға
тийисли адамлар сыяқлы: «Усла-
ма», «Жеме» ҳәм «Қол тийгизбе»
деген қағыйдаларға қулақ асасыз?
22 Бундай қағыйдалардың ҳәммеси
қолланыў арқалы жоқ болатуғын
нәрселерге байланыслы болып,
адамлардың буйрық ҳәм тәли-
матларына тийкарланған. 23 Аўа,
бул қағыйдалар жалған диндар-
лық, жалған кишипейиллик ҳәм
денени қыйнаў бойынша ақыл-
лыдай болып көринеди. Бирақ
гүнакар тәбияттың қәлеўлерин
жүўенлеўде олардың ҳеш қандай
пайдасы жоқ.

**3** 1 Солай етип, Масийх пенен
бирге тирилген болсаңыз, он-
да аспандағы нәрселерди излеңлер.

Масийх сол жерде, Қудайдың оң жа-
ғында отырыпты[a]. 2 Жердеги емес,
ал аспандағы нәрселерди ойлаңлар.
3 Себеби сизлер бул дүнья ушын
өлгенсизлер ҳәм жаңа өмириңиз
Масийх пенен бирге Қудайда жасы-
рылған. 4 Өмириңиз болған Масийх
келгенде, сизлер де Оның менен
бирге салтанат пенен көринесиз.

5 Сонлықтан өзлериңиздеги
жерге тийисли болған жаман
әдетлерди: бузықшылықты, ҳа-
рамылықты, нәпсиқумарлықты,
жаман қәлеўлерди ҳәм нәпси-
қаўлық болған бутпаразлықты
жоқ қылыңлар. 6 Булар себеп-
ли, сөзге қулақ аспайтуғынларға
Қудайдың ғәзеби келеди. 7 Бу-
рын сизлер де усындай адамлар-
дың арасында жасағаныңызда,
сондай ис-ҳәрекетлерди исле-
диңлер. 8 Бирақ енди ҳәммесин:
ашыў, ғәзеп ҳәм жек көриўши-
ликти қойыңлар. Аўзыңыздан
ҳеш қандай өсек ҳәм сөгис сөз
шықпасын. 9 Бир-бириңизге өти-
рик сөйлемеңлер. Өйткени сизлер
ески тәбиятыңызды оның жаман
ислери менен таслап, 10 жаңа тә-
биятқа бөлендиңлер. Бул жаңа
тәбиятқа ийе адам Қудайды то-
лық билиў ушын, өз Жаратыў-
шысына уқсап барады. 11 Солай
етип, жаңа тәбиятқа ийе адамлар
арасында грек ҳәм яҳудий, сүн-
нетли ҳәм сүннетсиз, варвар[b] ҳәм
скиф[c], қул ҳәм азат адам болып
бөлиниў жоқ. Ал ең әҳмийетлиси,
ҳәмме исениўшилерде жасайту-
ғын тек Масийх ғана бар.

12 Қудайдың таңлап алған му-
хаддес ҳәм сүйикли адамлары сы-
патында реҳимлилик, жақсылық,
кишипейиллик, мүләйимлилик
ҳәм сабырлылық пенен жасаңлар.
13 Бир-бириңизге шыдамлы ҳәм
кеширимли болыңлар. Егер ким де
ким биреўден өкпели болса, Ийе-
миздиң сизлерди кеширгени сы-
яқлы, сизлер де бир-бириңизди
кешириңлер. 14 Булардың ҳәмме-
сине қосымша сүйиспеншилик
пенен жасаңлар. Ол минсиз бир-
ликке еристиреди. 15 Жүреклери-
ңизде Масийхтың тынышлығы
ҳүкимдарлық етсин. Сизлер бир
денениң мүшелери болып, усы ты-
нышлыққа шақырылдыңыз. Жә-
не де, шүкирлик билдириңлер.
16 Масийхтың сөзи пүткил бай-
лығы менен ишиңизде жасасын.
Бир-бириңизге толық даналық
пенен тәлим берип, ақыл-нәсият
етиңлер. Қудайға шүкирлик билди-
рип, Оған Забур жырларын, алғыс-
мақтаў қосықларын ҳәм Мухаддес
Руўхтың илҳамы менен жазылған
қосықларды шын жүректен айтың-
лар. 17 Сөзиңиз ямаса исиңиз бенен
қылған ҳәр бир нәрсени Ийемиз
Ийсаның аты ушын, Ол арқалы
Әкемиз Қудайға шүкирлик етип
ислеңлер.

---

a **3:1** Заб 109:1.

b **3:11** *Варвар* – сол заманларда грек тилин билмейтуғын адамлар усылай деп аталған. Бул сөздиң мәниси «жат адам» дегенди аңлатады.

c **3:11** *Скиф* – әййемде Қара теңиздиң арқа-шығысында жасаған көшпели халық. Бул халық сол заманларда саўатсыз ҳәм жабайы халық болып саналған.

### Хожалықтағы қатнасықлар ҳаққында

18 Ҳәй ҳаяллар, күйеўлериңизге
бойсыныңлар. Бул Ийемизге ти-
йисли болған ҳаялларға минәсип.
19 Ҳәй күйеўлер, ҳаялларыңызды
сүйиңлер. Оларға қопал қатнаста
болмаңлар. 20 Ҳәй балалар, ҳәмме
нәрседе ата-анаңызға бойсының-
лар! Себеби бул Ийемизге унайды.
21 Ҳәй әкелер, руўхы түспеўи ушын,
балаларыңыздың ашыўын келтир-
меңлер. 22 Ҳәй қуллар, дүньядағы
хожайынларыңызға ҳәмме нәрсе-
де бойсыныңлар. Буны тек оларға
жағыныў ушын көзабаға емес, ал
Ийемизден қорқып, шын жүректен
ислеңлер. 23-24 Ийемизден сыйлық
ретинде мийрас алатуғыныңызды
билип, не ислесеңиз де адамлар
ушын емес, ал Ийемиз ушын ислеп
атырғандай болып, шын жүректен
ислеңлер. Өйткени сизлер Ийемиз
Масийхқа хызмет етип атырсыз-
лар. 25 Наҳақ ис ислеген адамға на-
ҳақлығына ылайық қайтарылады.
Қудай ҳеш кимди айырмайды.

4 1 Ҳәй хожайынлар, аспанда сиз-
лердиң де Ийеңиз бар екенин
билип, қулларыңызға әдиллик ҳәм
теңлик пенен қатнас жасаңлар.

### Ақыл-нәсиятлар

2 Бәрқулла дуўа етиңлер. Дуўа
еткениңизде шүкирлик билдирип,
сергек болыңлар. 3 Бизлер ушын
да дуўа етиңлер: Масийхтың сы-
ры ҳаққында Өз сөзин жәриялай
алыўымыз ушын, Қудай бизлер-
ге жол ашсын. Мен усы сыр ушын
тутқындаман. 4 Бул сырды тийисли
түрде, түсиникли етип айта алы-
ўым ушын да дуўа етиңлер.
5 Ўақыттан жақсы пайдаланып,
жәмәәттиң сыртындағы адамларға
ақыллылық пенен қатнас жасаңлар.
6 Сөзиңиз ҳәмме ўақытта жағымлы
ҳәм дузлы болсын. Сонда сизлер
ҳәр бир адамға қалай жуўап бе-
риў кереклигин билип аласызлар.

### Соңғы сәлемнама

7 Ийемизге мениң менен бир-
ге хызмет ететуғын исенимли
хызметши болған сүйикли ту-
ўысқанымыз Тихик мен туўралы
ҳәмме хабарды сизлерге билдире-
ди. 8 Мине, мен усы мақсет пенен
оны сизлерге жиберип атырман.
Ол ҳал-жағдайымызды билдирип,
сизлердиң кеўиллериңизге жуба-
ныш береди. 9 Тихик пенен бирге
жерлесиңиз, исенимли ҳәм сүйик-
ли туўысқанымыз болған Они-
симди де жиберип атырман. Олар
сизлерге бул жерде болып атыр-
ған барлық ўақыялар ҳаққында
айтып береди.
10 Мениң менен бирге қамақта
отырған жолдасым Аристарх ҳәм
Барнабаның аталас иниси Марк
сизлерге сәлем айтып атыр. Сиз-
лер Марк ҳаққында нусқаў алған
единңлер: егер ол сизлерге барса,
оны қабыл етиңлер. 11 Юстус деп
аталатуғын Ешуа да сизлерге сәлем
айтып атыр. Яҳудийлер ишинен
тек усылар ғана мениң менен бирге
Қудайдың Патшалығы ушын хыз-
мет етпекте. Олар маған жубаныш
болды. 12 Масийх Ийсаның хызмет-
шиси болған жерлесиңиз Эпафрас
сизлерге сәлем айтып атыр. Сиз-
лерди Қудайдың ҳәр бир еркине

толық исенсин ҳәм минсиз адам-
лар болсын деп, ол сизлер ушын
бар күши менен үзликсиз дуўа етип
атыр. 13 Сизлер ушын ҳәм Лаоди-
кия менен Ҳиераполда болғанлар
ушын, оның көп мийнет еткенине
мен гүўаман. 14 Сүйикли шыпакер
Лука менен Димас та сизлерге сә-
лем айтып атыр.
15 Лаодикиядағы туўысқанлар-
ға, Нимфаға ҳәм оның үйиндеги
жәмәәтке сәлем айтыңлар. 16 Бул
хат араңызда оқылғаннан соң, оны
Лаодикия жәмәәтинде де оқытың.
Сизлер де Лаодикиядан келген хат-
ты оқыңлар. 17 Архипке мынаны
айтып қойыңлар: «Ийемизден қа-
был еткен хызметиңди орынлаўға
инталы бол!»
18 Мен, Павел, бул сәлемнаманы
өз қолым менен жазып атырман.
Мениң тутқынлығымды умытпаң-
лар. Қудайдың мийрими сизлерге
яр болсын!

# Салоникалыларға жазылған биринши хат

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Бул хатты елши Павел Салоника қаласындағы исениўши жәмәәтке жазған.

Салоника қаласы Македония үлкесиниң пайтахты еди. Салоникадағы исениўши жәмәәт Павелдиң екинши сапарының ўақтында ол арқалы пайда болған еди (Елш 17:1-9).

Павелдиң бул хатты жазғандағы мақсети – сол жердеги жақында исенген адамларды қоллап қуўатлаў еди. Павел өз хатында өзлерине үйретилген нәрселерди сақлағаны ушын ҳәм қуўдалаўлар ўақтында исенимде беккем турғаны ушын Салоникадағы исениўшилерди мақтап, оларды жигерлендиреди.

Кейин ол Ийемиз Ийсаның келиўи ҳаққында айтады. Масийх келгенде қандай ҳәдийселер жүз беретуғыны, көз жумған исениўшилердиң тирилиўи ҳәм тирилер менен бирге Масийхты күтип алыўы ҳаққында жазады. Хаттың ақырында Павел салоникалыларға соңғы үгит-нәсиятларын береди. Және де, Павел оларды жетекшилерди ҳүрмет етиўге, өз ара татыў жасаўға, ҳәмме ўақытта жақсылық қылыўға ҳәм сабырлы болыўға, Қудайдан миннетдар болып, қуўанышлы болыўға, тынбай дуўа етиўге шақырады.

---

**1** 1 Әкемиз Қудайға ҳәм Ийемиз
Ийса Масийхқа тийисли болған
Салоника исениўшилериниң жәмәәтине, Павел, Сила[a] ҳәм Тимофейден
сәлем! Сизлерге Қудайдың[b] мийрими
ҳәм тынышлығы яр болсын!

### Салоникалылардың үлгили исеними

2 Дуўа еткенимизде сизлерди
тилге алып, бәрқулла ҳәммеңиз
ушын Қудайға шүкирлик билдиремиз. 3 Қудай Әкемиздиң алдында

---

[a] **1:1** *Сила* – грекше текстте бул аттың басқа варианты Силванус.
[b] **1:1** *Қудайдың* – Базы қолжазбаларда «Әкемиз Қудайдың ҳәм Ийемиз Ийса Масийхтың».

исенимиңиздиң жемиси болған
ис-ҳәрекетиңизди, сүйиспенши-
лигиңизге тийкарланған мийнети-
ңизди ҳәм Ийемиз Ийса Масийхқа
деген үмитиңизден пайда болған
шыдамлылығыңызды үзликсиз
еске аламыз.
**4** Қудай сүйген туўысқанларым!
Оның сизлерди таңлап алғанын
билемиз. **5** Себеби сизлерге жәрия-
ланған Хош Хабар тек сөз бенен ға-
на емес, ал қүдирет, Мухаддес Руўх
ҳәм толық исеним менен жетки-
зилди. Сизлердиң пайдаңыз ушын
араңызда қалай жасағанымызды
билесизлер. **6** Көп азап-ақырет-
лерге қарамай, сизлер Мухаддес
Руўхтың берген қуўанышы ме-
нен Қудайдың сөзин қабыл етип,
бизлерге ҳәм Ийемизге еликлеў-
шилер болдыңлар. **7** Солай етип,
сизлер Македония ҳәм Ахаядағы
пүткил исениўшилерге үлги бол-
дыңлар. **8** Өйткени Ийемиздиң сө-
зи сизлерден тарқап, Қудайға деген
исенимиңиз ҳаққында хабар тек
Македония ҳәм Ахаяға емес, ал
ҳәмме жерге жетип барды. Сон-
лықтан бизлердиң бул ҳаққын-
да бир нәрсе айтыўымызға ҳәжет
қалмады. **9** Себеби олардың өзле-
ри бизлерди қаншелли жақсы қа-
был алғаныңызды ҳәм ҳақыйқый
тири Қудайға хызмет етиў ушын
қалай бутларды таслап, Қудайға
жүз бурғаныңызды айтып берди.
**10** Және де олар бизлерди келешек-
теги қәҳәрли жазадан қутқарату-
ғын Ийсаның, яғный Қудайдың
Өзи өлимнен тирилткен Улының
аспаннан келиўин күтип атырға-
ныңызды да сөз етти.

## Павелдиң Салоникадағы хызмети

**2** **1** Туўысқанлар! Сизлерге болған
сапарымыздың босқа кетпеге-
нин өзлериңиз де билесиз. **2** Бирақ
өзлериңизге мәлим, буннан алдын
Филипте азап шегип, масқарала-
ныўға дуўшар болған едик.[a] Деген
менен, күшли қарама-қарсылық-
ларға қарамастан, Қудайдың Хош
Хабарын сизлерге жәриялаў ушын,
бизлер Қудайымыздан мәртлик алып
туратуғын едик.[b] **3** Өйткени бизлер-
диң ақыл-нәсиятымыз өтирикке де,
напәк нийетке де, ҳийлеге де негиз-
ленбеген еди. **4** Керисинше, Қудай
бизлерди минәсип көрип, бизлер-
ге Хош Хабарды исенип тапсыр-
ды. Сонлықтан бизлер адамларға
емес, ал кеўиллеримизди сынайту-
ғын Қудайға унаў ушын Хош Хабар-
ды жәриялап жүрмиз. **5** Хабарыңыз
бар, бизлер ҳеш қашан жағымпаз-
ланып сөйлемедик, пайдакүнем-
лигимизди жасырыў ушын нықап
тақпадық. Қудай буған гүўа. **6** Және
бизлер ҳеш кимнен: я сизлерден, я
басқалардан ҳүрмет-мақтаў излеп
жүрген жоқпыз.
**7** Масийхтың елшилери сыпа-
тында сизлерге аўырманлық са-
лыўымызға болар еди. Бирақ,
балаларына ғамхор болған ана сы-
яқлы, сизлерге мүләйим болдық.
**8** Сизлерди усылай жақсы көрип,
сизлерге тек Қудайдың Хош Ха-
барын емес, ал өз жанларымызды

---

[a] **2:2** Елш 16:16-40.
[b] **2:2** Елш 17:1-9.

бериўге де қайыл едик. Себеби
сизлер бизлер ушын соншелли
қәдирли единиз. 9 Туўысқанлар!
Бизлердиң аўыр мийнетимиз ҳәм
қыйыншылықларымыз ядыңызда.
Ҳеш бириңизге аўырманлығымыз
түспеўи ушын, күни-түни мийнет
етип, сизлерге Қудайдың Хош Ха-
барын жәрияладық.

10 Сиз исениўшилердиң алдын-
да қандай мухаддес, ҳақ ҳәм кем-
шиликсиз болып жасағанымызға
сизлер де, Қудай да гүўа. 11 Хаба-
рыңыз бар, бир әке өз балалары-
на қандай қатнас жасаса, бизлер
де сизлердиң ҳәр бириңизге сон-
дай қатнас жасадық. 12 Сизлерге
ақыл-нәсият ҳәм жубаныш берип,
Өз Патшалығына ҳәм салтанаты-
на шақырған Қудайға ылайықлы
жасаўды өтиниш еттик.

13 Бизлер Қудайға және бир нәр-
се ушын үзликсиз шүкирлик ете-
миз. Өйткени сизлер Қудайдың
сөзин бизлерден еситип қабыл
еткениңизде, буны адамның сө-
зи сыпатында емес, ал Қудайдың
сөзи сыпатында қабыл еттиңлер.
Бул сөз ҳақыйқаттан Қудайдың
сөзи болғанлықтан, сиз исениў-
шилерде ҳәрекет етпекте. 14 Себе-
би туўысқанлар, сизлер Масийх
Ийсаға тийисли болған Яҳудия-
дағы Қудайдың жәмәәтлерине
еликлеўшилер болдыңлар. Олар
яҳудийлерден қандай азап-ақы-
рет көрген болса, сизлер де өз мил-
летиңизден сондай азап-ақырет
көрдиңлер. 15 Ийемиз Ийсаны ҳәм
пайғамбарларды өлтирген яҳудий-
лер бизлерди де қуўып шығарды
ҳәм олар Қудайды нарийза қылып,
пүткил адамларға душпанлық ис-
леп атыр. 16 Басқа миллетлердиң
қутқарылыўы ушын, бизлердиң
сөйлеўимизге олар тосқынлық жа-
сап, ҳәр қашан өз гүналарының
мөлшерин толтырып атыр. Бирақ
олар ақырында Қудайдың ғәзеби-
не ушырайды.

### Павелдиң салоникалыларға деген сағынышы

17 Туўысқанлар, сизлерден аз ўа-
қытқа айра түсирилип, өзлеримиз
алыста болсақ та, кеўиллеримиз
сизлер менен бирге еди. Сизлерди
жүдә сағынып, дийдар көрисиўге
қатты тырыстық. 18 Сонлықтан сиз-
лерге барғымыз келип, әсиресе мен,
Павел, бир неше мәрте бармақшы
болғанымда, шайтан бизлерге ке-
сент етти. 19 Бизлердиң үмитимиз,
қуўанышымыз ҳәм Ийемиз Ийса
келгенде, Оның алдында кийету-
ғын мақтаў тажымыз не? Сизлер
емессиз бе? 20 Аўа, мақтанышы-
мыз ҳәм қуўанышымыз сизлерсиз.

**3** 1 Солай етип, бизлер артық шы-
дай алмай, Афинада жалғыз қа-
лыўды уйғардық.[a] 2 Исенимиңизди
беккемлеп, сизлерди жигерлендириў
ушын, Масийхтың Хош Хабарын жә-
риялайтуғын Қудайдың хызметшиси,
туўысқанымыз Тимофейди сизлерге
жибердик. 3 Азап-ақыретлер себеп-
ли ҳеш ким исенимде силкинбесин
деп, бизлер усылай иследик. Азап
шегиў тәғдиримизге жазылғаны өз-
лериңизге мәлим. 4 Өйткени сизлер
менен бирге болғанымызда, азап

---

a **3:1** Елш 17:13-16.

шегетуғынымызды алдын айтқан едик.
Хабарыңыз бар, айтқанымыздай анық
солай болды да. 5 Сонлықтан мен де
артық шыдай алмай, азғырыўшы сиз-
лерди азғырып, мийнетимиз босқа
кетпесин деп, исенимиңиздиң жағ-
дайын билиў ушын Тимофейди сиз-
лерге жибердим.

6 Бирақ, сизлердиң жаныңыздан
бизлерге жаңа ғана қайтып келген
Тимофей сизлердиң исенимиңиз
ҳәм сүйиспеншилигиңиз ҳаққын-
да қуўанышлы хабар алып келди.
Бизлерди бәрқулла жақсы ой ме-
нен еске алып, бизлердиң сизлер-
ди сағынғанымыздай, сизлердиң де
бизлерди сағынып атырғаныңыз-
ды айтып берди. 7 Сол себептен ту-
ўысқанлар, қыйыншылықлар ҳәм
азап-ақыретлер ишинде болсақ та,
сизлердиң исенимиңиз себепли жи-
герленип қалдық. 8 Себеби сизлер
Ийемиз бенен беккем байланыс-
та болсаңыз, бизлердиң жанымыз
жай табады. 9 Қудайымыздың ал-
дында сизлер себепли алған бар-
лық қуўанышымыздың есесин
Оған қанша шүкирлик айтып қай-
тарсақ та аз. 10 Сизлер менен жүз-
бе-жүз көрисип, исенимиңиздеги
жетиспеген нәрселерди толықты-
рыў ушын, күни-түни бар күшимиз
бенен дуўа етип атырмыз.

11 Әкемиз Қудайдың Өзи ҳәм
Ийемиз Ийса сизлерге барыўға
жолымызды ашсын! 12 Ийемиз бир-
бириңизге ҳәм пүткил адамлар-
ға деген сүйиспеншилигиңизди
бизлердиң сизлерге деген сүйис-
пеншилигимиз сыяқлы көбейтип
арттырсын! 13 Солай етип, Ийемиз
Ийса Өзиниң пүткил мухаддесле-
ри[a] менен келгенде, Әкемиз Қудай-
дың алдында мухаддесликте
кемшиликсиз болыўыңыз ушын,
жүреклериңизди беккемлесин.

## Қудайға унайтуғын өмир

4 1 Енди болса, туўысқанлар,
Қудайға унаў ушын қалай жа-
саў кереклигин сизлер бизлерден
үйрендиңиз. Ҳәзир усылай жасап
атырсыз да. Бул исте және де алға
илгерилеўиңизди Ийемиз Ийсаның
аты менен сизлерден өтиниш етип
сораймыз. 2 Өйткени Ийемиз Ийса-
ның бийлиги менен сизлерге қандай
жол-жорықларды бергенимизди өз-
лериңиз билесизлер.

3 Қудайдың ерки – сизлердиң
мухаддес болыўыңыздан ибарат.
Яғный, Ол сизлердиң жынысый
бузықшылықтан аўлақ жүриўи-
ңизди, 4 ҳәр бириңиздиң өз дене-
син қәдирлеп, мухаддес қылып
сақлаўын 5 ҳәм Қудайды бил-
мейтуғын бутқа табыныўшылар
сыяқлы бузық қәлеўлерге берил-
меўин қәлейди. 6 Ҳеш ким усын-
дай исте туўысқанына қыянет
етип, ҳарамылық ислемесин. Бу-
рын сизлерге айтқанымыз ҳәм ес-
керткенимиздей, Ийемиз бундай
барлық links ислер ушын адамларды
жазалайды. 7 Себеби Қудай биз-
лерди ҳарам болып жасаў ушын
емес, ал мухаддес болып жасаў
ушын шақырды. 8 Солай етип, бул
жол-жорықты қабыл алмаған адам
адамды емес, ал Мухаддес Руўхын
сизлерге берген Қудайды қабыл
алмаған болады.

---

a **3:13** *Мухаддеслер* – Ийсаға исениўшилер.

9 Бирақ туўысқанлық сүйиспен-
шилик ҳаққында биреўдиң сиз-
лерге бир нәрсе жазыўына ҳәжет
жоқ. Өйткени бир-бириңизди сү-
йиуўди сизлер Қудайдан үйрен-
диңлер. 10 Сизлер ҳақыйқаттан да
пүткил Македониядағы туўысқан-
лардың ҳәммесин сүйесизлер. Ту-
ўысқанлар, бул истe жәнe де алға
илгерилеўиңизди сизлерден өти-
ниш етемиз. 11 Жәнe де, сизлерге
жол-жорық бергенимиздей, ты-
ныш өмир сүриўди, өз исиңизге
кеўил бөлиўди ҳәм қолларыңыз
бенен мийнет етиўди мақсет етип
қойыңлар. 12 Солай етип, сизлер
жәмәәттен тыс адамлардың ал-
дында ҳүрмет-иззетке ерисе-
сизлер ҳәм ҳеш кимнен ғәрезли
болмайсызлар.

### Ийсаның қайта келиўи

13 Туўысқанлар! Үмитсиз жасай-
туғын басқа адамлар сыяқлы қай-
ғырмаўыңыз ушын, бул дүньядан
көз жумғанлар ҳаққында сизлер-
диң хабарсыз қалыўыңызды қәле-
меймиз. 14 Себеби бизлер Ийсаның
өлип, қайта тирилгенине исене-
миз. Сол сыяқлы, Ийсаға исенип,
бул дүньядан көз жумғанларды
Қудай Оның менен бирге қайта
алып келетуғынына да исенемиз.
15 Ийемиздиң сөзине тийкарланып,
сизлерге мынаны билдиремиз: ҳә-
зир тири болып жасап атырған
бизлер, яғный Ийемиз келемен
дегенше тири жүретуғынлар бул
дүньядан көз жумғанлардан ҳеш
артық емеспиз. 16 Өйткени Ийе-
миздиң Өзи буйырған бәлент да-
ўыс астында, бас периштениң сести
ҳәм Қудайдың кәрнайының ҳаўазы
менен аспаннан келгенде, дәслеп
Масийхқа исенген өлилер тири-
леди. 17 Оннан соң, жасап атыр-
ған бизлер, яғный тири қалғанлар
олар менен бирге Ийемизди ҳаўада
күтип алыў ушын, бултлар ишине
алынып көтерилемиз. Солай етип,
ҳәмме ўақыт Ийемиз бенен бирге
боламыз. 18 Мине, усы сөзлер ме-
нен бир-бириңизди жубатыңлар.

**5** 1 Туўысқанлар! Бул ўақыялардың
ўақыт ҳәм мәўсимлери ҳаққын-
да сизлерге жазыўдың кереги жоқ.
2 Себеби Ийемиздиң күни түнде ууры-
ның келиўи сыяқлы келетуғынын
сизлер анық билесизлер. 3 Адамлар:
«Ҳәммеси тыныш ҳәм қәўипсиз», –
дегенде, жүкли ҳаялды бирден тол-
ғақ тутқандай, олар тосаттан апатқа
ушырап, қашып қутыла алмайды.
4 Бирақ туўысқанлар, сизлер қа-
раңғылықта болмағанлықтан, сол
күн сизлерди уры түскендей ға-
пылда қалдырмайды. 5 Сизлердиң
ҳәммеңиз нурдың ҳәм күндиздиң
балаларысыз. Бизлер түнге яма-
са қараңғылыққа тийисли емес-
пиз. 6 Сонлықтан басқалар сыяқлы
уйықламайық, ал ояў ҳәм сергек
болайық. 7 Өйткени уйықлайту-
ғынлар түнде уйықлайды, мәс бо-
латуғынлар да түнде мәс болады.
8 Ал күндизге тийисли болған
бизлер сергек болайық, исеним
ҳәм сүйиспеншиликти саўыт қы-
лып, қутқарылыўға деген үмитти
басымызға дуўлыға қылып кийе-
йик. 9 Себеби Қудай бизлерди Өзи-
ниң ғәзебине ушыраўымыз ушын
емес, ал Ийемиз Ийса Масийх ар-
қалы қутқарылыўымыз ушын та-
йынлады. 10 Тири болсақ та, өли

болсақ та, бизлерди Өзи менен бир-
ге жасасын деп, Ийса Масийх биз-
лер ушын өлди. [11] Сонлықтан ҳәзир
ислеп атырғаныңыздай, бир-бири-
ңизди жигерлендирип, бир-бири-
ңиздиң исенимиңизди беккемлей
бериңлер.

### Соңғы ақыл-нәсиятлар ҳәм сәлемнама

[12] Туўысқанлар! Араңызда мий-
нет еткенлердиң, яғный Ийемиздиң
жолында сизлерге жолбасшылық
қылып, ақыл-нәсият бергенлердиң
қәдирин билиўиңизди сизлерден
өтиниш етемиз. [13] Ислеген ислери
ушын оларды сүйип, шексиз ҳүр-
мет етиңлер. Өз ара татыў жасаң-
лар. [14] Сизлерге жалбарынамыз,
туўысқанлар, ис жақпасларға ескер-
тиў жасап, жүрексизлерди жигер-
лендириңлер, күшсизлерге жәрдем
берип, ҳәммеге сабырлы болыңлар.
[15] Абайлы болыңлар, ҳеш ким жа-
манлыққа жаманлық пенен жуўап
қайтармасын. Керисинше, ҳәмме
ўақытта бир-бириңизге ҳәм пүт-
кил адамларға жақсылық ислеўге
умтылыңлар.
[16] Бәрқулла қуўаныңлар. [17] Тын-
бай дуўа етиңлер. [18] Қандай аўҳал
болса да, Қудайға шүкирлик бил-
дириңлер. Өйткени Масийх Ийса-
ға тийисли болған сизлерге деген
Қудайдың ерки усылар. [19] Мухад-
дес Руўхты сөндирип таслamaңлар.
[20] Пайғамбаршылық сөзлерин кем-
ситпеңлер. [21] Бирақ, ҳәмме нәрсе-
ни сынап көриңлер. Жақсылыққа
жабысып алыңлар. [22] Ҳәр қандай
жаманлықтан қашыңлар.
[23] Тынышлық бериўши Қудай-
дың Өзи сизлерди толық мухаддес
қылсын: пүткил руўхыңыз, жаны-
ңыз ҳәм денеңизди Ийемиз Ийса
Масийхтың келиўине кемшилик-
сиз қылып сақласын. [24] Сизлерди
шақырған Қудай садық, Ол усыны
әмелге асырады.
[25] Туўысқанлар, бизлер ушын ду-
ўа етиңлер. [26] Барлық туўысқан-
ларды мухаддес поса менен сүйип,
сәлем айтыңлар. [27] Бул хаттың ҳәм-
ме туўысқанларға оқып берилиўин
Ийемиздиң аты менен сизлерге қа-
таң түрде тапсыраман.
[28] Ийемиз Ийса Масийхтың мий-
рими сизлерге яр болсын!

# Салоникалыларға жазылған екинши хат

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Елши Павел Салоникадағы жәмәәтке жазған бул екинши хатын биринши хаттан кейин қысқа ўақыт аралығында жибереди. Хаттың басында Павел исениўши туўысқанларын жигерлендиреди, оларды қыйыншылық ҳәм азапларға қарамай, исенимде беккем турыўға шақырады.

Кейин Павел биринши хатта жазған Ийемиз Ийсаның келиўи ҳаққында толық түсиндириўге өтеди, себеби салоникалылардың арасында «Ийемиз келди» деген гәп жүрген еди. Буннан хабар тапқан Павел оларға, Масийх еле келген жоқ, Ол келмесинен алдын бир неше ҳәдийселер жүз бериўи керек: адамлар Қудайға қарсы бас көтереди, нызамды бузыўшы адам келип, Қудайдың орнын ийелейди, ақыбетинде жаўызлық ҳәм напәклик дүньяда күшейеди, деп жазады. Соннан кейин, Ийса келип, нызамды бузыўшы адамды бир деми менен жоқ қылады.

Хаттың ақырғы қатарларында Павел исениўшилерди ериншек болмаўға, ҳадал мийнет етиўге, жақсылық қылыўдан шаршамаўға шақырады.

---

**1** [1] Әкемиз Қудайға ҳәм Ийемиз
Ийса Масийхқа тийисли болған
Салоника исениўшилериниң жәмәә-
тине, Павел, Сила[a] ҳәм Тимофейден
сәлем! [2] Әкемиз Қудайдың ҳәм Ийе-
миз Ийса Масийхтың мийрими ҳәм
тынышлығы сизлерге яр болсын!

### Келешектеги қәҳәрли жаза

[3] Туўысқанлар! Сизлер ушын
ҳәмме ўақытта Қудайға шүкир-
лик етиў парызымыз. Усылай
ислеўимиз орынлы. Себеби исе-
нимиңиз күн сайын өсип, ҳәр қай-
сысыңыздың бир-бириңизге деген

---

a **1:1** *Сила* – грекше текстте бул аттың басқа варианты Силванус.

сүйиспеншилигиңиз артып бар-
мақта. 4 Сонлықтан бизлер басы-
ңыздан кешип атырған барлық
қуўдалаў ҳәм азап-ақыретлер
ўақтындағы сизлердиң сабырлы-
лығыңыз ҳәм исенимиңиз ушын
Қудайдың жәмәәтлеринде сизлер
менен мақтанамыз.
5 Булардың ҳәммеси Қудайдың
әдил жазасының белгиси. Нәтий-
жеде, шегип атырған азабыңыз
ушын сизлер Қудайдың Патша-
лығына ылайықлы деп саналасыз-
лар. 6 Қудай әдил: сизлерге азап
бергенлерге Ол азап пенен жуўап
қайтарады. 7 Азап шегип атыр-
ған сизлерге болса, бизлер менен
бирге тынышлық береди. Булар-
дың ҳәммеси Ийемиз Ийса Өзи-
ниң қүдиретли периштелери менен
жалынлаған от ишинде аспанда
көрингенде жүз береди. 8 Сонда
Ийемиз Ийса Қудайды билмейту-
ғынларды ҳәм Өзи ҳаққында Хош
Хабарға бойсынбағанларды жа-
залайды. 9 Олар мәңги набыт бо-
лыўға ҳүким етилип, Ийемиздиң
жүзинен ҳәм қүдиретли салтана-
тынан алыслатылады. 10 Ийемиз
келген күни Өз мухаддеслери тә-
репинен уллыланып, пүткил исе-
ниўшилер тәрепинен алғысланады.
Олардың арасында сизлер де бо-
ласызлар. Өйткени бизлердиң Ол
ҳаққында берген гүўалығымызға
исендиңлер. 11 Сонлықтан сизлер
ушын бәрқулла дуўа етип атыр-
мыз: Қудайымыз сизлерди Өзи ша-
қырған өмирге ылайықлы қылсын,
ҳәр түрли жақсы арзыў-әрманы-
ңызды ҳәм исенимге тийкарлан-
ған ҳәр бир исиңизди Өз қүдирети
менен әмелге асырсын. 12 Солай
етип, Қудайымыздың ҳәм Ийемиз
Ийса Масийхтың мийрими менен,
Ийемиз Ийсаның аты сизлер арқа-
лы уллылансын ҳәм сизлер де Ол
тәрепинен мәртебели болыңлар.

**Нызамды бузыўшының пайда болыўы**

2 1 Туўысқанлар! Енди Ийемиз
Ийса Масийхтың қайта кели-
ўине ҳәм бизлердиң Оның алды-
на жыйналыўымызға байланыслы
сизлерден мыналарды өтинемиз:
2 Ийемиздиң күнининң әлле қашан
келгенин айтқан ҳәр қандай пайғам-
баршылық, сөз ямаса бизлер жибер-
гендей етип көрсетилген хат себепли
ақылдан дәрҳал азып, тәшиўишлен-
беңлер. 3 Өзлериңизди ҳеш кимге
ҳеш қандай жол менен алдатпаңлар.
Себеби сол күн келиўге дейин дәслеп
исенимнен қайтыў басланып, ны-
замды бузыўшы, яғный тәғдирине
набыт болыў жазылған адам пайда
болады. 4 Сол адам – Қудайға ямаса
адамлар «қудай» деп сыйынатуғын
ҳәр бир нәрсеге қарсы шығып, өзин
ҳәммеден жоқары қояды, ҳәтте, ол
Қудайдың Ибадатханасындағы Му-
хаддесханада отырып, өзин «қудай-
ман» деп жәриялайды.
5 Сизлер менен бирге болғаным-
да усыларды айтқаным еслериңиз-
де жоқ па? 6 Сол адамды ҳәзир не
услап турғанын билесизлер. Ол
өз ўақтында пайда болады. 7 Аўа,
нызамсызлықтың сырлы күш-
лери әлле қашан ҳәрекет етпекте.
Бирақ усы күшти услап турыўшы
жолдан алып тасланбағанша, ол
өз исин даўам ете береди. 8 Бун-
нан соң, нызамды бузыўшы пай-
да болады. Бирақ Ийемиз Ийса

оны аўзынан шыққан деми менен
өлтиреди ҳәм Өзиниң уллы сал-
танаты менен келгенде жоқ қыла-
ды. 9 Сол адам шайтанның күши
менен келип, ҳәр түрли қүдирет,
жалған белгилер менен таң қалар-
лық нәрселерди 10 ҳәм набыт бола-
туғынларды алдаўшы ҳәр түрли
жаманлықларды көрсетеди. Өйт-
кени олар өзлерин қутқара ала-
туғын ҳақыйқатты сүйиўден бас
тартқанлықтан, набыт болады.
11 Сонлықтан жалғанға исенсин
деп, Қудай оларға алдаўшы бир
күш жибереди. 12 Солай етип, ҳа-
қыйқатқа исенбей, жаманлықтан
рәҳәтленетуғынлардың ҳәммеси
ҳүким етиледи.

### Беккем турыңлар!

13 Бирақ бизлер Ийемиз сүйген
туўысқанларымыз болған сизлер
ушын ҳәмме ўақыт Қудайға шүкир-
лик етиўге парызлымыз. Себеби
Қудай Мухаддес Руўх тәрепинен
мухаддес қылыныўыңыз арқалы
ҳәм ҳақыйқатқа исениўиңиз арқа-
лы қутқарылыўыңыз ушын, сиз-
лерди әўел бастан таңлап алған
еди. 14 Ийемиз Ийса Масийхтың
уллылығына ерисиўиңиз ушын,
бизлер жәриялаған Хош Хабар ар-
қалы Қудай сизлерди усы қутқа-
рылыўға шақырды. 15 Сол себепли,
туўысқанларым, беккем турыңлар!
Бизлердиң сөз ямаса хат арқалы
сизлерге үйреткен тәлиматымыз
бойынша ис тутыңлар.
16 Ийемиз Ийса Масийхтың Өзи
ҳәм бизлерди сүйип, мийрим-
шәпәәти менен бизлерге шексиз
жубаныш ҳәм жақсы үмит бер-
ген Әкемиз Қудай 17 сизлердиң
кеўиллериңизди жигерлендирип,
ҳәр қандай жақсы исте ҳәм сөзде
де күш-қуўат берсин.

### Бизлер ушын дуўа етиң

3 1 Қулласы, туўысқанлар, Ийе-
миздиң сөзи сизлердиң ара-
ңыздағы сыяқлы еркин жайылып,
ҳүрметке бөлене берсин деп, биз-
лер ушын дуўа етиңлер. 2 Жаман
ҳәм жаўыз адамлардан қутылыўы-
мыз ушын да дуўа етиңлер. Өйтке-
ни адамлардың ҳәммеси исениўши
емес. 3 Бирақ, Ийемиз садық. Ол
сизлерге күш-қуўат берип, шайтан-
нан сақлайды. 4 Ийемиз сизлер ме-
нен қарым-қатнаста болғанлықтан,
буйырғанларымызды ислеп атыр-
ғаныңызға ҳәм ислейтуғыныңызға
исенемиз. 5 Ийемиз жүреклериңиз-
ди Қудайды сүйиўге ҳәм Масийхқа
садық болыўға бағдарласын.

### Өз мийнетиңиз бенен жасаңлар!

6 Туўысқанлар! Ийемиз Ийса
Масийхтың аты менен буйыра-
мыз: бизлерден алған тәлиматты
тыңламай, исжақпаслық етип жүр-
ген барлық туўысқанлардан аўлақ
жүриңлер! 7 Бизлерден қалай өрнек
алыўыңыз керек екенлигин өзле-
риңиз билесизлер. Себеби бизлер
араңызда болғанымызда, талапсыз
жүрген жоқпыз. 8 Ҳеш кимниң на-
нын биийпул жемедик. Керисинше,
ҳеш бириңизге аўырманлығымыз
түспесин деп, күни-түни аўыр мий-
нет еттик. 9 Жәрдемиңизди қабыл
етиўге ҳақымыз болмағаны себеп-
ли емес, ал сизлер бизлерге елик-
лесин деп, өрнек болыўымыз ушын
усылай иследик. 10 Ҳәтте, бизлер

сизлер менен бирге болғанымыз-
да: «Ким де ким мийнет етиўди қә-
лемесе, аўқат та жемесин», – деген
буйрықты берген едик.
11 Өйткени араңыздағы айырым-
лардың талапсыз болып, ҳеш жу-
мыс ислемей, басқалардың исине
араласып жүргенин еситип атыр-
мыз. 12 Бундай адамларға Ийемиз
Ийса Масийхтың аты менен жал-
барынамыз ҳәм мынаны буйыра-
мыз: тыныш мийнет етип, өз нанын
өзи таўып жесин. 13 Ал сизлер, ту-
ўысқанлар, жақсы ис ислеўден жа-
лықпаңлар.
14 Егер бул хаттағы сөзлеримиз-
ге қулақ аспағанлар болса, оны
айырып қойыңлар. Оны уялтыў
ушын, байланысты үзиңлер. 15 Би-
рақ, оны душпан деп санамай, ту-
ўысқан сыпатында ескертиңлер.

### Соңғы сәлемнама

16 Тынышлық бериўши Ийемиз-
диң Өзи сизлерге ҳәмме ўақытта,
ҳәр қандай жағдайда тынышлық
берсин. Ийемиз ҳәммеңизге яр
болсын!
17 Мен, Павел, бул сәлемди өз қо-
лым менен жазып атырман. Мениң
ҳәр бир хатымда бул белги бар. Мен
усылай жазаман.
18 Ийемиз Ийса Масийхтың мий-
рими ҳәммеңизге яр болсын!

# Тимофейге жазылған биринши хат

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Бул хатты елши Павел өз улындай жақын болып қалған, бирге хызмет еткен жәрдемшиси Тимофейге жазған. Хат жазылған ўақытта Тимофей Эфес қаласында еди. Тимофей листралы еди (Елш 16:1). Листра қаласы ҳәзирги Туркия үлкесинде жайласқан. Тимофейдиң анасы Ийса Масийхқа исенген яҳудий, әкеси болса грек еди. Тимофей Павел менен бирге Эфес ҳәм Коринф қалаларына, сондай-ақ Македонияға барып, Хош Хабарды жәриялаў хызметинде Павелге жәрдем берген еди.

Павел бул хатта Тимофейге көп нәсиятлар береди, Эфестеги жәмәәтке қалай ғамхорлық қылыў кереклигин үйретеди. Биринши нәўбетте ол Тимофейди жалған тәлиматлар туўрысында ескертеди. Сол дәўирде жәмәәтлерде жалған тәлиматлар кең тарқалған еди. Бул тәлиматлар яҳудийлер ҳәм басқа миллет адамларының исенимлери араласыўынан пайда болып, материаллық дүнья ҳарам, қутқарылыў ушын тек ғана сырлы билимди өзлестириў арқалы ериссе болады, деген пикирди жоқары көтереди. Бундай тәлиматлар базы аўқатларды жеўди ҳәм үйлениўди қадаған ететуғын еди. Павел бул тәлиматлардың қәтесин ашып, Тимофейге ҳақыйқый Қудайдың жолында жүриў ҳаққында нәсият қылады.

Хаттың даўамында Павел дуўа етиўге көрсетпелер береди, жәмәәттеги тәртип, жәмәәт жетекшилери ҳәм хызметкерлерине керекли болған минезлемелер ҳаққында сөз етеди, жас ҳәм ғаррылар, жесирлер, ақсақаллар, қул ҳәм хожайынлар арасындағы мүнәсибетлерге тийисли мәсләҳәтлер берип, бай туўысқанларға нәсият қылады. Павел бул хатты Тимофейге айтқан кейинги нәсиятлары менен тамамлап, Тимофейдиң мойнындағы ўазыйпаларды еслетип өтеди.

### Сәлемнама

1 1 Қутқарыўшымыз Қудайдың
ҳәм үмитимиз Масийх Ийса-
ның буйрығы менен Масийх Ийса-
ның елшиси болған мен, Павелден,
2 исенимдеги ҳақыйқый улым болған
Тимофейге сәлем! Әкемиз Қудай ҳәм
Ийемиз Масийх Ийса саған мийрим,
реҳим ҳәм тынышлық берсин!

### Жалған тәлиматқа қарсы ескертиў

3 Мен Македонияға кетип бара-
тырғанымда саған өтиниш етке-
нимдей, Эфесте қал. Ол жердеги
айырым адамларға жалған тәли-
матларды үйретпеўди, 4 аңызлар
ҳәм шексиз шежирелер менен бәнт
болмаўды буйыр. Булар исеним ар-
қалы билинетуғын Қудайдың ис-
лерине пайда бериўдиң орнына,
тартысларды келтирип шығарады.
5 Ал бул буйрықтың мақсети бол-
са – пәк жүректен, таза ҳүжданнан
ҳәм ҳақыйқый исенимнен сүйис-
пеншиликти пайда етиў. 6 Гейбир
адамлар булардан жүз бурып, бос
гәплерге ерип адасты. 7 Олар ны-
зам муғаллими болыўды қәлейди,
бирақ нени сөйлеп ҳәм нени табан
тиреп тастыйықлап атырғанын тү-
синбейди.
8 Дурыс қолланған адам ушын
Мухаддес Нызам пайдалы еке-
нин билемиз. 9 Және де, Мухаддес
Нызам ҳақ адамлар ушын емес, ал
нызамды бузыўшылар ҳәм бой-
сынбайтуғынлар, қудайсызлар
ҳәм гүнакарлар, мухаддес емеслер
ҳәм мухаддес нәрселерди сыйла-
майтуғынлар, ата-анасын өлти-
ретуғынлар, адам өлтириўшилер,
10 бузықлар, өз жынысындағы адам
менен қосылыўшылар, адамды ур-
лап сатыўшылар, өтирикшилер,
жалған гүўалық бериўшилер ҳәм
дурыс тәлиматқа қарсы ис қыла-
туғын басқа ҳәмме ушын қолла-
нылатуғынын билемиз. 11 Дурыс
тәлимат болса, алғыс-мақтаўлар-
ға ылайық Қудайдың уллы Хош
Хабарына тийкарланған. Усы Хош
Хабарды Қудай маған исенип тап-
сырды.

### Павелдиң миннетдаршылық билдириўи

12 Маған күш-қуўат берип қойған
Ийемиз Масийх Ийсаға миннет-
даршылық билдиремен. Себеби Ол
мени садық деп есаплап, Өз хыз-
метине тайынлады. 13 Бир ўақыт-
лары мен Оған тил тийгизиўши,
қуўдалаўшы ҳәм залым адам бол-
сам да, Ол маған мийрим-шәпәәтин
берди. Өйткени менде ҳақыйқый
исеним болмағанлықтан, не ислеп
жүргенимди билмейтуғын едим.
14 Бирақ Жаратқан Ийениң мий-
рими Масийх Ийсадағы исеним
ҳәм сүйиспеншилик пенен бир-
ликте мениң үстиме мол-мол бо-
лып төгилди.
15 «Масийх Ийса бул дүньяға гү-
накарларды қутқарыў ушын кел-
ди», – деген сөзлер исенимли ҳәм
ҳәмме адамлар тәрепинен қабыл
қылыныўға ылайықлы сөзлер.
Мен өзимди гүнакарлардың ишин-
деги ең жаманыман деп есаплай-
ман. 16 Бирақ, мен гүнакарлардың
ишиндеги ең жаманы болсам да,
Масийх Ийса маған реҳим етти.
Кейинирек Өзине исенип, мәңги-
лик өмирге ерисетуғынларға өрнек

болыўым ушын, Ол маған шек-
сиз сабырлығын көрсетти. 17 Мәң-
гилик Патшаға, өлмейтуғын ҳәм
көринбейтуғын жалғыз* Қудай-
ға мәңги-бақый ҳүрмет ҳәм даңқ
болсын! Аўмийин.

18 Улым Тимофей! Сен туўралы
алдын айтылған пайғамбаршы-
лық сөзлерине тийкарланып, саған
буйыраман: усы сөзлер бойынша
жақсы әскер сыяқлы ис-ҳәрекет
ет. 19 Исениминди ҳәм ҳүжданың-
ды таза сақла. Айырымлар ҳүжда-
нын сатып, исениминен айырылды.
20 Олардың арасында Ҳименей ҳәм
Искендер де бар. Қудайға тил тий-
гизбеўди үйренсин деп, мен оларды
жәмәәттен шығарып, шайтанның
қолына тапсырдым.

### Қудайға сыйыныў ҳаққында

2 1 Ең алды менен мынаны өти-
ниш етемен: олар Қудай алдын-
да ҳәмме адамлар ушын сорап, дуўа
етип, жалбарынып, миннетдаршы-
лық билдирсин. 2 Патшалар ҳәм
басшылар ушын да дуўа етсин. Сон-
да бизлер Қудайдың жолы менен
ҳадал жасап, парахат ҳәм тыныш
өмир сүремиз. 3 Бул ис жақсы болып,
Қутқарыўшымыз Қудайға унайды.
4 Себеби Ол ҳәмме адамлардың қут-
қарылыўын ҳәм ҳақыйқатлықты
билиўин қәлейди. 5 Қудай жалғыз
ҳәм Қудай менен адамлардың ара-
сындағы Тәўеллеши, Өзи адам бол-
ған Масийх Ийса да жалғыз. 6 Ол
ҳәмме адамлардың азатлық қуны
ушын Өз жанын бағышлады. Бул
арқалы Ол Қудайдың ҳәмме адам-
ларды қутқарыўды қәлейтуғынын
белгиленген ўақытта дәлилледи.
7 Мен усы ушын Масийх Ийса тә-
репинен хабаршы ҳәм елши болып
тайынланып, басқа миллетлерге
исеним ҳәм ҳақыйқатлық ҳаққын-
да үйрететуғын муғаллим болдым.
Мен алдап атырған жоқпан, ҳақый-
қатын айтып турман.

8 Жәмәәттеги ер адамларға ашыў-
ланбаўды ҳәм тартыспаўды, ал
ҳәмме жерде мухаддес қолларын
көтерип дуўа етиў кереклигин үй-
ретиўинди қәлеймен. 9 Ҳаяллар
да шашларына артықша сән бер-
мей, өзлерин алтынлар, ҳинжи-
лер ямаса қымбат кийимлер менен
емес, ал сыпайы кийим, әдеп ҳәм
ийбе менен безесин. 10 Керисинше,
олар Қудайдан қорқып жасайту-
ғын ҳаялларға ылайықлы жақ-
сы servicesислер менен өзлерин көркем
қылсын. 11 Ҳаял тыныш ҳәм то-
лық бойсынған ҳалда тәлим алсын.
12 Ҳаялдың тәлим берип, ер адам-
ды басқарыўына рухсат етпеймен.
Ҳаял тыныш болсын. 13 Өйткени
дәслеп Адам-ата, соңынан Ҳаўа-ене
жаратылды. 14 Және де, Адам-ата
емес, ал ҳаял алданып, гүна исле-
ди.[a] 15 Бирақ, ҳаял исеним, сүйис-
пеншилик ҳәм мухаддеслик пенен,
әдепли болып жасаса, бала туўыўы
арқалы қутқарылады[b].

---

[a] **2:13-14** Жар 2:7, 18, 21-23; 3:1-13.
[b] **2:15** Бул аят ҳаял бала туўыўы арқалы қутқарылады, деген мәнисти емес, ал ҳаял хожалықта ҳаяллық ҳәм аналық ўазыйпасын жақсы орынлаўы тийис деген мәнисти береди. Бул аятты алдында айтылған аятлар менен байланыстырып түсиниў тийис.

## Жәмәәт жетекшилери ҳәм хызметшилери ҳаққында

3 [1] «Егер ким де ким жәмәәт же-
текшиси болыўды аңсаса, жақсы
исти арзыў еткени», – деген сөзлер
ҳақыйқат. [2] Солай етип, жәмәәт же-
текшиси айыпсыз, тек бир ҳаяллы,
салмақлы, өзин тутып билетуғын,
ҳүрметли, миймандос ҳәм тәлим
бериўге қәбилетли болыўы шәрт.
[3] Және де, ол мәскүнемликке берил-
ген, қызба, жәнжелкеш, пайдакүнем
болмай, ал мүләйим, [4] өз үйин жақ-
сы басқаратуғын, балаларына сө-
зин тыңлатып, өзин ҳүрмет еттире
алатуғын адам болыўы лазым. [5] Се-
беби өз үйин басқара алмайтуғын
адам Қудайдың жәмәәтине қалай
ғамхорлық қыла алады? [6] Жетек-
ши жақында исенген адам болма-
ўы тийис. Олай болса, ол мақтанып
кетип, шайтан сыяқлы жазаға дуў-
шар болыўы мүмкин. [7] Және де, ол
айыпланып, шайтанның дузағына
түспеўи ушын, жәмәәттиң сыртын-
дағы адамлардың алдында жақсы
атқа ийе болыўы керек.
[8] Сол сыяқлы, жәмәәт хызметши-
лери де мәскүнемликке берилген,
ҳарам пайданы гөзлейтуғын адам
болмай, бир сөзли ҳәм ҳүрметли
адамлар болыўы шәрт. [9] Олар исе-
нимниң терең ҳақыйқатлығын би-
лип, таза ҳүждан менен ис-ҳәрекет
етиўи тийис. [10] Бул хызметшилер де
дәслеп сынақтан өтиўи лазым. Егер
айыпсыз болса, хызметке қойыл-
сын. [11] Сондай-ақ, хызметши ҳаял-
лар да өсекши болмай, ҳүрметли,
салмақлы ҳәм ҳәмме исте исеним-
ли болсын. [12] Жәмәәт хызметшиле-
ри тек бир ҳаяллы, балаларын ҳәм
өз үй-ишин жақсы басқаратуғын
адамлар болсын. [13] Хызметин жақ-
сы атқарған хызметшилер жоқа-
ры мәртебеге ериседи ҳәм Масийх
Ийсаға деген исенимде үлкен ба-
тырлыққа ийе болады.

## Уллы сыр

[14-15] Мен жақын арада сениң жа-
ныңа барыўдан үмит етемен. Бирақ
егер кешиксем, Қудайдың шаңара-
ғында исениўшилердиң қалай ис
тутыўы кереклигин билиўиң ушын,
саған усы хатты жазып атырман.
Қудайдың шаңарағы – ҳақыйқат
тиреги ҳәм тийкары болған тири
Қудайдың жәмәәти. [16] Қудайдың
жолының сыры уллы екени сөзсиз:
Келди Масийх адам денесинде,
Мухаддес Руўх тәрепинен ҳақ
деп тастыйықланды Ол,
Периштелерге көринди,
Ол ҳаққында жәрияланды
миллетлерге,
Жер жүзинде Оған исенди,
Ол жоқарыға алынды салтанат
пенен.

## Жалған тәлиматлар ҳаққында

4 [1] Мухаддес Руўх анық айтпақта:
соңғы ўақытларда гейбир адам-
лар алдаўшы руўхларға ҳәм жин-
лердиң тәлиматларына қулақ асып,
исенимнен қайтады. [2] Бундай тәли-
матлар ҳүждансыз болған еки жүзли
өтирикшилер тәрепинен тарқалады.
[3] Бул өтирикшилер үйлениўди ҳәм
турмысқа шығыўды қадаған етеди,
және де, айырым азық-аўқатларды
жемеўди буйырады. Деген менен,
Қудай бул нәрселерди ҳақыйқатты
билетуғын исениўшилердиң мин-
нетдаршылық билдирип жеўи ушын

жаратқан. 4 Қудай жаратқан ҳәр бир нәрсе жақсы ҳәм егер миннетдаршылық пенен қабыл етилсе, ҳеш нәрсеге тыйым салынбаўы керек. 5 Өйткени бизлер ҳәр бир нәрсени Қудайдың сөзи бойынша ҳәм дуўа етиў арқалы мухаддес деп қабыл етемиз.

### Жақсы хызметши

6 Егер буларды туўысқанларға нәсиятласаң, онда сен исенимниң ҳәм өзиң тутынған жақсы тәлиматтың сөзлери менен азықланған, Масийх Ийсаның жақсы хызметшиси боласаң. 7 Жарамас ҳәм мәниссиз гәплерден аўлақ болып, өзиңди Қудай жолында шынықтырып бар. 8 Денени шынықтырыўдың пайдасы аз. Ал Қудайдың жолында шынығыў ҳәр тәреплеме пайдалы. Себеби бул арқалы ҳәзир ҳәм келешекте өмир бериледи. 9 Бул сөзлер исенимли ҳәм ҳәр тәреплеме қабыл етилиўге ылайықлы. 10 Соның ушын бизлер аўыр мийнет етип, азап шекпектемиз. Өйткени ҳәмме адамлардың, әсиресе исениўшилердиң Қутқарыўшысы болған тири Қудайдан үмит етемиз.

11 Сен усыларды буйыр ҳәм үйрет. 12 Жассаң деп, өзиңди ҳеш кимниң кемситиўине жол қойма. Керисинше, сөйлеген сөзиң, жасаў тәризиң, сүйиспеншилигиң, исенимиң ҳәм пәклигиң менен исениўшилерге өрнек бол. 13 Мен жаныңа барғанымша, исениўшилер жәмәәтине Мухаддес Жазыўларды оқыўға, үгит-нәсият етиўге ҳәм үйретиўге өзиңди бағышла. 14 Ақсақаллар жыйыны сениң үстиңе қол қойып дуўа еткенде[a], өзиңе пайғамбаршылық арқалы берилген руўхый сыйға[b] бийпәрўа болма. 15 Усыны ис жүзинде қоллан ҳәм табысларыңды ҳәмме көриўи ушын, өзиңди буған толық бағышла. 16 Өзиңе ҳәм берип атырған тәлимиңе дыққат аўдар, усы ислериңди даўам ет. Усылай ислесең, өзиңди де, сени тыңлайтуғынларды да қутқарасаң.

### Жәмәәт ишиндеги қатнасықлар

**5** 1 Ғарры адамға урыспа, ал оны әкеңдей көрип, нәсият бер. Жас жигитлерди иниңдей, 2 жасы үлкен ҳаялларды анаңдай, жас ҳаял-қызларды әжапаң ҳәм қарындасыңдай көрип, толық пәклик пенен ақылнәсият бер.

3 Ҳақыйқаттан қәўендерсиз болған жесир ҳаялларды ҳүрмет ет. 4 Егер бир жесир ҳаялдың балалары ямаса ақлықлары болса, олар ең алды менен Қудайдың жолы менен жүрип, өз үй-ишине ғамхорлық көрсетиўди, әке-шешеси менен кемпир апа ҳәм атасының алдында парызын өтеўди үйренсин. Себеби бул Қудайға унайды. 5 Ҳақыйқаттан қәўендерсиз, жалғыз қалған жесир ҳаял Қудайдан үмит қылып, күни-түни Оған жалбарынып дуўа етеди. 6 Бирақ тек кәйип-сапа менен жасайтуғын жесир

---

[a] **4:14** *Қол қойып дуўа етиў* – исениўшилер жәмәәтинде бир адам хызметке қойылғанда исленетуғын ис-ҳәрекет.

[b] **4:14** *Руўхый сый* – Өзине хызмет етиўи ушын, Қудайдың исениўшилерге беретуғын сыйы.

ҳаял – тири өлик. **7** Айыпланбаўы
ушын, оларға усыларды ескертип
қой. **8** Егер ким де ким өз ағайин-
туўғанларына, әсиресе үй-ишин-
дегилерге қарамаса, ол исенимнен
жүз бурған адам болып, исенбей-
туғын адамнан да бетер болғаны.

**9** Жесирлер дизимине жазыла-
туғын жесир ҳаял тек бир мәртебе
турмысқа шыққан, жасы алпыс-
тан кем болмаған болыўы керек.
**10** Сондай-ақ, ол жақсы ислери
менен ат шығарған болып: бала-
ларын жақсы тәрбиялаған, мий-
мандос болған, мухаддеслердиң
аяғын жуўған, қыйыншылықта
болғанларға жәрдем берген ҳәм
ийгиликли ислерге өзин бағыш-
лаған болыўы тийис. **11** Жас же-
сир ҳаяллардың атларын дизимге
жазба. Өйткени олардың Масийхқа
деген садықлығынан дене қәлеў-
лери үстин болып, және турмысқа
шығыўды ойлайды. **12** Солай етип,
олар алдын берген ўәделерин бу-
зып, жазаға дуўшар болады.

**13** Буннан тысқары, олар үйме-үй
жүрип, ўақытларын бийкар өтки-
зиўди әдетке айландырады. Олар
тек ериншек болып қалмай, өсек
те айтады ҳәм керек емес нәрсе-
лерди сөйлеп, басқалардың иси-
не араласады. **14** Сонлықтан жас
жесир ҳаяллар турмысқа шығып,
бала туўыўын ҳәм хожалық жу-
мысларын меңгерип, душпан-
лардың өсек қылыўына себеп
туўдырмаўын қәлеймен. **15** Себе-
би олардың гейбиреўлери әлле
қашан азғырылып, шайтанның
изине ерип кетти. **16** Егер исениў-
ши бир ҳаялдың* жесир қалған
жақынлары болса, оларға жәр-
дем етсин, исениўшилер жәмәәти-
не аўырманлық салмасын. Сонда
исениўшилер жәмәәти ҳақыйқат-
тан қәўендерсиз қалған жесирлер-
ге жәрдем ете алады.

**17** Жәмәәтти жақсы басқаратуғын
ақсақаллар, әсиресе Қудайдың сө-
зин жәриялап ҳәм үйретип, мийнет
етип атырғанлар еки есе ҳүрмет-
ке ылайықлы болсын. **18** Өйткени
Мухаддес Жазыўда: «Түйек ай-
дап атырған өгиздиң аўзын байлап
қоймаңлар» [a] ҳәм «Жумысшы өз
мийнет ҳақысына ылайықлы»[b], –
делинген. **19** Еки ямаса үш гүўа
болмаса, бир ақсақалға қойылған
айыплаўды қабыл етпе. **20** Басқалар
қорқыўы ушын, гүна ислегенлер-
ди ҳәмменин алдында әшкара қыл.

**21** Қудайдың, Масийх Ийсаның
ҳәм таңланған периштелердиң ал-
дында саған ескертип атырман: ҳеш
кимди айырмай, тек бир тәрепке
болыспай, усы буйырғанларым-
ды орынла.

**22** Биреўди хызметке қойыўға
асықпа. Басқалардың гүналары-
на шерик болмай, өзиңди таза тут.

**23** Буннан былай, тек суў ишпей,
асқазаның ҳәм жийи-жийи болып
туратуғын аўырыўларың ушын, аз
ғана шарап та иш.

**24** Айырым адамлардың гүналары
белгили болып, оларды ҳүким ети-
лиўге алып келеди. Басқалардың
гүнасы болса, соңынан мәлим бо-
лады. **25** Сол сыяқлы, жақсы ислер

---

[a] **5:18** Нзм 25:4.
[b] **5:18** Лук 10:7.

де белгили. Ал ҳәзир белгили бол-
маса да, жасырын қалмайды.

6 1 Қудайдың атына ҳәм тәлиматы-
на тил тиймеў ушын, қуллық мо-
йынтырығы астында болғанлардың
ҳәммеси өз хожайынларын толық
ҳүрметке ылайықлы деп санасын.
2 Хожайынлары исениўши болған
қуллар болса, туўысқанбыз-ғо деп,
ҳүрметсизлик қылмай, керисинше,
оларға және де жақсырақ хызмет
етсин. Себеби олардың бул жақсы
хызметинен пайда көретуғын хожа-
йынлар – сүйикли исениўшилер-ғо.
Усыларды үйретип, нәсиятла.

### Жалған тәлимат ҳәм ҳақыйқый байлық

3 Ким де ким өзге тәлиматты үй-
ретип, Ийемиз Ийса Масийхтың
ҳақыйқат сөзлерин ҳәм Қудайдың
жолына тийкарланған тәлиматты
мақулламаса, 4 ол менмен ҳәм ҳеш
нәрсени билмейтуғын адам болға-
ны. Айтысыў ҳәм тартысыў кесе-
лине жолыққан бундай адамның
гәплери күншиллик, алаўызлық,
өсек ҳәм жаман гүманларды кел-
тирип шығарады. 5 Ақыл-ойлары
уўланған, ҳақыйқатлықты жойт-
қан, Қудайға хызмет етиў арқалы
байыўға болады, деп ойлайтуғын
бул адамлар арасында бәрқулла
тартыслар болады*.
6 Өзиңде барға қанаат етип,
Қудайдың жолы менен жүриў –
үлкен жетискенлик. 7 Өйткени биз-
лер бул дүньяға ҳеш нәрсе алып
келмедик ҳәм оннан ҳеш нәрсе де
алып кете алмаймыз. 8 Жейтуғын
ҳәм кийетуғын нәрселеримиз бол-
са, усыларға қанаат етейик. 9 Ал
байымақшы болғанлар азғыры-
лыўға ушырайды. Олар адамларды
бәлеге жолықтырып набыт қыла-
туғын көп мәниссиз ҳәм зыянлы
ҳәўеслердиң дузағына илинеди.
10 Себеби ҳәр түрли жаманлықтың
негизи – ақшаны сүйиў. Айырым-
лар ақшаның изине түсип, исе-
нимнен қайтты ҳәм өзлерин көп
азапларға дуўшар етти.

### Исеним ушын гүрес

11 Ал сен, Қудайдың адамы, бул
нәрселерден аўлақ бол. Ал ҳақлық-
қа, Қудайдың жолы менен жүриўге,
исенимге, сүйиспеншиликке, са-
бырлылыққа ҳәм мүләйимлилик-
ке умтылып жаса. 12 Исеним ушын
болатуғын жақсы гүресте жан-тә-
ниң менен ҳәрекет етип, мәңгилик
өмирди жеңип ал. Өйткени Қудай
сени усы мәңгилик өмир ушын ша-
қырған ҳәм сен көплеген гүўалар
алдында исенимиңди ашық тән
алғансаң. 13 Ҳәммеге өмир бере-
туғын Қудайдың ҳәм Понтий Пи-
лат тергегенде турақлылық пенен
гүўалық берген[a] Масийх Ийсаның
алдында саған мынаны буйыраман:
14 Ийемиз Ийса Масийх келген-
ше, өзиңе берилген буйрықларды
орынлап, минсиз ҳәм айыпсыз бол.
15 Қудай Өзи белгилеген ўақытта
Ийса Масийхтың қайта келиўин
көрсетеди. Қудай – алғыс-мақтаў-
ларға ылайықлы жалғыз Ҳәким,
патшалар Патшасы, ҳүкимдарлар
Ҳүкимдары. 16 Жалғыз Қудайдың
ғана басында өлим жоқ. Ол ҳеш

---

a **6:13** Мат 27:11-26; Юхн 18:31–19:16.

ким жақынлай алмайтуғын нурда
жасайды, Оны ҳеш ким көрмеген
ҳәм көриўи де мүмкин емес. Ҳүрмет
ҳәм мәңгилик күш-қүдирет Оныки
болсын! Аўмийин.
17 Бул дүньядағы бай адамларға
менмен болмаўды ҳәм өткинши
байлықтан үмит етпеўди буйыр.
Ал олар рәҳәт көриўимиз ушын
бизлерге ҳәмме нәрсени мол-мол
етип беретуғын Қудайдан үмит ет-
син. 18 Оларға жақсылық ислеўди,
жақсы ислер менен бай болыўды
ҳәм өзинде барын басқалар менен
бөлисип, сақый болыўды да тапсыр.
19 Сонда олар ҳақыйқый өмирге ийе
болыўы ушын, өзлерине келешек-
те беккем таяныш болатуғын ғә-
зийне топлайды. 20 Ҳәй Тимофей,
саған исенип тапсырылғанды сақ-
ла. Жарамас сөзлерден, өтириктен
«билим» деп аталып, ҳақыйқатқа
қарсы туратуғын тәлиматлардан
аўлақ бол. 21 Себеби айырым адам-
лар бул жалған билимге берилип,
исенимнен қайтты.

Қудайдың мийрими сизлерге яр
болсын!

# Тимофейге жазылған екинши хат

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Бул хатты елши Павел Эфес қаласында Қудайға хызмет етип атырған Тимофейге жазған. Бул хат Павелдиң соңғы хатларының бири. Павел бул хатты жазған ўақытта Ийсаның Хош Хабары ушын қамақта болған еди. Ол өз хызметиниң жуўмақланып, өмириниң ақырына жеткенин билгенликтен, исенимдеги сүйикли улы болған Тимофейге соңғы ақыл-нәсиятларын бериў ушын, бул хатты жазған еди.

Павел хатында өз өмирин Тимофейге үлги қылып көрсетеди ҳәм Қудайдың Хош Хабарын қорқпастан жәриялап, Ийса Масийхтың жақсы әскери болыўды нәсият етеди. Буларды орынлаў ушын, Қудайдың сөзин жақсы түсиниўди, оны басқаларға дурыс үйретиўди ҳәм қандай жағдай болса да, оны жәриялай бериўди қатаң буйырады.

Бизлер бул хат арқалы Қудайдың жақсы хызметшиси қандай қәсийетлерге ийе болыўы кереклигин билип аламыз.

---

### Сәлемнама

1 [1] Масийх Ийсадағы ўәде етилген
өмир ҳаққында жәриялаў ушын,
Қудайдың қәлеўи менен Масийх
Ийсаның елшиси болған мен, Па-
велден, [2] сүйикли улым Тимофейге
сәлем! Қудай Әкемиз ҳәм Ийемиз
Масийх Ийса саған мийрим, реҳим
ҳәм тынышлық берсин!

### Хош Хабарға садық болыўға үндеў

[3] Мен ата-бабаларым сыяқлы пәк
ҳүждан менен хызмет ететуғын
Қудайға күни-түни дуўа еткенимде
сени үзликсиз еске алып, шүкир-
лик билдиремен. [4] Сениң көз жас-
ларың ядымда. Және дийдарласып,
қуўанышқа бөлениўим ушын, сени
көриўди аңсап атырман. [5] Сениң
ҳақыйқый исенимиң де ядымда.
Бурын кемпир апаң Лоидада ҳәм
анаң Эвникада болған усы исе-
нимниң ҳәзир сенде бар екени-
не толық исенемен. [6] Сонлықтан
қолларымды үстиңе қойып дуўа
етиўим арқалы Қудайдың саған
берген сыйын бар инта менен қол-
лана бериў кереклигин есиңе тү-
сирип атырман. [7] Өйткени Қудай

бизлерге қорқақлық руўхын емес,
ал күш, сүйиспеншилик ҳәм сал-
дамлылық руўхын берди.
8 Солай етип, Ийемиз ҳаққында
гүўалық бериўден ҳәм Ол себеп-
ли тутқын болған меннен арлан-
ба. Керисинше, Қудайдың берген
күши менен Хош Хабар ушын ме-
ниң менен бирге қыйыншылық
көр. 9 Қудай бизлерди ислеген ис-
леримиз себепли емес, ал Өз мақ-
сети ҳәм мийрими менен қутқарып,
мухаддес болып жасаўға шақыр-
ды. Бул мийримди Ол бизлер-
ге дүнья жаратылмастан бурын
Масийх Ийса арқалы берген еди.
10 Ал енди болса, бул мийримди
Қутқарыўшымыз Масийх Ийса-
ның дүньяға келиўи менен ашық
көрсетти. Масийх Ийса өлимниң
күшин жоқ қылып, Хош Хабар ар-
қалы жоғалмайтуғын мәңгилик
өмирди аян қылды. 11 Мен Қудай
тәрепинен усы Хош Хабар ушын
хабаршы, елши ҳәм муғаллим бо-
лып тайынландым. 12 Сонлықтан
бул себепли азап шегип атырман.
Бирақ та, мен арланбайман. Себе-
би Кимге исенгенимди билемен
ҳәм маған тапсырылғанды Оның
Өзиниң сол күнге дейин сақлай
алатуғынына да исенемен. 13 Мен-
нен өзиң еситкен дурыс тәлимат-
ты өрнек қылып, Масийх Ийсаға
деген исеним ҳәм сүйиспеншилик
пенен жаса. 14 Саған тапсырылған
ийгиликли тәлиматты ишимизде
жасайтуғын Мухаддес Руўх жәр-
деминде сақла.
15 Азия үлкесиндегилердиң[a] ҳәм-
месиниң, солар арасында Фигел
ҳәм Ҳермогенниң мени таслап кет-
кенин билесең. 16 Ийемиз Они-
сифордың үй-ишине Өз реҳимин
берсин. Өйткени ол көп мәрте
маған жубаныш берди ҳәм тут-
қынлығымнан арланбады. 17 Ке-
рисинше, Римге келгенде, мени
тапқанша, еринбей изледи. 18 Сол
күни[b] Ийемиз оған Өз реҳимин
берсин! Оның Эфесте маған қан-
ша хызмет еткенин сен де жүдә
жақсы билесең.

## Ийса Масийхтың жақсы әскери

**2** 1 Улым, ал сен Ийса Масийх
арқалы берилетуғын мийрим
менен күшке толып бар. 2 Көплеген
гүўалар алдында меннен өзиң есит-
кен сөзлерди исенимли адамларға
жеткиз. Сонда олар да басқаларға
үйрете алады. 3 Масийх Ийсаның
жақсы әскери болып, мениң ме-
нен бирге қыйыншылыққа шыда.
4 Хызметтеги әскер өзин әскерликке
шақырған әскербасының кеўлинен
шығыў ушын, турмыс ислери ме-
нен байланбайды. 5 Жарысқа түскен
адам да қағыйда бойынша жарыспа-
са, жеңис тажын киймейди. 6 Аўыр
мийнет еткен дийхан зүрәәттен би-
ринши болып үлес алыўы тийис.
7 Айтқанларым ҳаққында жақсылап
ойлап көр. Ийемиздиң Өзи саған
ҳәммесин түсиндиреди.
8 Даўыттың урпағынан шыққан
ҳәм өлимнен қайта тирилген Ийса

---

a **1:15** *Азия үлкеси* – ҳәзирги Туркия елиниң қубла-батыс бөлегинде болған бир үлке.
b **1:18** *Сол күни* – Ийса Масийхтың бул дүньяға қайта келетуғын күни.

Масийхты ядында сақла! Мен жә-
риялап атырған Хош Хабар – усы.
9 Мен усы Хош Хабар ушын азап
шегип, ҳәтте, жынаятшы сыяқ-
лы тутқын болып байландым. Би-
рақ, Қудайдың сөзи байлаўлы емес.
10 Сонлықтан мен таңлап алынған-
лардың да Масийх Ийса арқалы
қутқарылыўды мәңгилик салтанат
пенен алыўы ушын, ҳәмме нәрсе-
ге шыдап атырман. 11 Бул сөз исе-
нимли:

«Егер Оның менен бирге өлген
болсақ,
Оның менен бирге жасаймыз да.
12 Егер сабырлылық қылсақ,
Оның менен бирге патшалық
етемиз.
Егер Оннан ўаз кешсек,
Ол да бизден ўаз кешеди.
13 Биз садық болып қалмасақ та,
Ол садық болып қалады.
Себеби Ол Өзинен Өзи ўаз
кеше алмайды».

### Қудайдың жақсы хызметшиси

14 Усыларды исениўшилерге ес-
летип тур. Сөзлер туўралы тар-
тыспаўды оларға Қудай алдында
ескертип қой. Тартыслар тыңлаў-
шыларды айнытыўдан басқа ҳеш
нәрсеге жарамайды. 15 Ҳақыйқат
сөзлерин дурыс үйрететуғын ҳәм
өз иси ушын уятқа қалмайтуғын,
Қудайға унамлы, жақсы хызмет-
ши болыўға жан-тәниң менен ты-
рыс. 16 Жарамас ҳәм бос сөзлерден
аўлақ бол. Өйткени бундай сөзлер
Қудайдан барған сайын узақласты-
рады 17 ҳәм жуқпалы жара сыяқлы
тарқалады. Усындай сөзлерди ай-
тыўшылар арасында Ҳименей ҳәм
Филит те бар. 18 Олар ҳақыйқат жо-
лынан адасты ҳәм өлимнен қайта
тирилиў әлле қашан болды деп,
айырым адамлардың исенимин
жоқ қылмақта. 19 Бирақ Қудай сал-
ған күшли негиз беккем турыпты.
Сол негиз «Жаратқан Ийе Өзине
тийисли болғанларды биледи»[a] ҳәм
«Жаратқан Ийеге тийислимен, де-
ген ҳәр бир адам жаманлықтан аў-
лақ жүрсин»,[b] – деген сөзлер менен
тастыйықланған.

20 Үлкен бир үйде тек алтын ҳәм
гүмис ыдыслар емес, ал ағаш ҳәм
ылай ыдыслар да бар. Олардың
биреўлери сыйлы, ал биреўлери
сыйсыз ис ушын қолланылады.
21 Солай етип, егер ким де ким өзин
жаманлықлардан тазаласа, онда ол
сыйлы, мухаддес қылынған, хожа-
йынына пайдалы ҳәм ҳәр бир жақ-
сы иске тайын ыдыс болады.

22 Ал сен жаслықтың жаман ҳәўес-
леринен аўлақ бол. Ийемизге таза
кеўил менен сыйынатуғынлар ме-
нен бирликте ҳақыйқатлық, исеним,
сүйиспеншилик ҳәм тынышлыққа
умтылып жаса. 23 Ақылсыз ҳәм мә-
ниссиз тартыслардан қаш. Себеби
булардың жәнжел туўдыратуғынын
билесең. 24 Ийемиздиң хызметши-
си жәнжелпаз болмаўы керек. Ке-
рисинше, ол ҳәмме менен мүләйим,
тәлим бериўге қәбилетли ҳәм са-
бырлы болыўы тийис. 25 Және ол
өзине қарсы болғанларға әлпайым-
лылық пенен жол-жорық бериўи
лазым. Сонда, мүмкин, Қудай сол

---

a **2:19** Сан 16:5.
b **2:19** Сан 16:26.

адамлардың да тәўбеге келип, ҳа-
қыйқатлықты билиўи ушын жол
ашар. 26 Солай етип, олардың ақы-
лы киреди ҳәм қәлегенин ислетиў
ушын өзлерин тутқын қылған шай-
танның дузағынан қутылады.

### Ақырзаман ҳаққында

3 1 Мынаны билип қой: дүньяның
ақырғы күнлеринде аўыр ўақыт-
лар келеди. 2 Адамлар өзин жақсы
көретуғын, дүньяпараз, мақтаншақ,
менмен, Қудайға тил тийгизетуғын,
ата-анасына бойсынбайтуғын, жақ-
сылықты билмейтуғын, қудайсыз,
3 мийримсиз, кекшил, жалахор, өзин
тутып билмейтуғын, жаўыз, жақсы-
лықтың душпаны, 4 сатқын, қызба
ҳәм шыррық болады. Олар Қудайдан
гөре, кәйип-сапаны көбирек жақсы
көреди. 5 Өзлерин Қудайдың жо-
лы менен жүрген қылып көрсетеди,
бирақ Оның жолының күшин тән
алмайды. Бундайлардан аўлақ бол.
6 Өйткени олардың гейбиреўлери үй-
лерге жасырын кирип, гүналарға бат-
қан ҳәм ҳәр түрли жаман ҳәўеслерге
берилген сада ҳаялларды дузаққа тү-
сиреди. 7 Бул ҳаяллар ҳақыйқатлық-
ты бәрқулла үйренип, оны ҳеш қашан
түсинип жете алмайды. 8 Яннис ҳәм
Ямбрис[a] Муўсаға қарсы шыққандай,
бул адамлар да ҳақыйқатқа қарсы
турады. Бундайлар – ақыл-ойлары
бузылған ҳәм ҳақыйқый исенимге
ийе емес адамлар. 9 Деген менен, олар
узаққа бармайды. Себеби Яннис ҳәм
Ямбрис сыяқлы, олардың ақылсыз-
лығы ҳәммеге әшкара болады.

### Павелдиң соңғы ақыл-нәсиятлары

10 Ал сен мениң тәлиматым-
ды, өмир тәризимди, мақсетимди,
исенимимди, сабырлылығымды,
сүйиспеншилигимди ҳәм турақлы-
лығымды өрнек туттың. 11 Басым-
нан кешкен қуўдаланыўларымда
ҳәм Антиохия, Икония, Листра
қалаларында шеккен азапларыма[b]
шерик болдың. Мен қаншама азап-
ларға шыдам бердим! Ийемиз мени
ҳәммесинен қутқарды. 12 Ҳақый-
қатында, Масийх Ийсаға тийис-
ли болып, Қудайдың жолы менен
жасаўды қәлеўшилердиң ҳәммеси
де қуўдаланады. 13 Бирақ, жаман
ҳәм жалатай адамлар алдап ҳәм
алданып, буннан да бетер жаман
болып бара береди.
14 Ал сен өзиң үйренген ҳәм
исенген ҳақыйқатқа садық қал.
Өйткени буны кимлерден үйрен-
гениңди билесең. 15 Және де, сен
Мухаддес Жазыўларды балалы-
ғыңнан бери билесең. Бул Жазыў-
лар саған Масийх Ийсаға деген
исеним арқалы қутқарылыў ушын
даналық бере алады. 16 Мухаддес
Жазыўлардың ҳәммеси Қудай-
дың Мухаддес Руўхының илҳа-
мы менен жазылған болып, тәлим
бериў, әшкаралаў, дүзетиў ҳәм ҳа-
қыйқатлық бойынша тәрбиялаў
ушын пайдалы. 17 Олар тийка-
рында Қудайдың адамы ҳәр бир
жақсы иске таяр болыў ушын же-
тилисип барады.

---

a **3:8** *Яннис ҳәм Ямбрис* – Шығыў дәўиринде Муўсаға қарсы шыққан фараонның еки сыйқыршысының аты (Шығ 7:10-12, 20-22; 8:16-19; 9:10-11 қараң).
b **3:11** Елш 14:1-7, 19-20.

4 1 Қудайдың алдында ҳәм ти-
рилер менен өлилерди ҳүким
ететуғын Масийх Ийсаның алдында
Оның қайта келиўи ҳәм Патшалығы
ҳақы қатаң буйыраман: 2 Қудайдың
сөзин жәрияла. Заманның қолайлы
ямаса қолайсыз болыўына қарамай,
бул хызметти даўам ет. Адамларға
толық сабырлылық пенен тәлим
берип, әшкарала, жолға сал ҳәм
ақыл-нәсият ет. 3 Себеби адамлар
дурыс тәлиматты тыңламайтуғын
ўақытлар келеди. Олар жаман қә-
леўлерине берилип, қулақларына
жағатуғын сөзлерди сөйлейтуғын
көп муғаллимлерди әтирапларына
жыйнайды. 4 Олар ҳақыйқатлықты
еситпеў ушын қулақларын жаўып,
аңызларға қулақ асатуғын болады.
5 Бирақ сен ҳәр қандай жағдайда сер-
гек бол. Қыйыншылықларға шыдам
бер, Хош Хабар ушын мийнет етип,
өз хызметиңди орынла.

6 Өйткени мениң қаным төгилип,
ишимлик садақасы болмақтаман
ҳәм дүньядан өтетуғын ўақтым да
жақынласты. 7 Мен уллы саўашта гү-
рестим, жарысты жуўмақладым ҳәм
исенимимди сақлап қалдым. 8 Енди
болса, мен ушын ҳақыйқатлық та-
жы тайын тур. Әдил ҳүким етиўши
болған Ийемиз сол күни усы тажды
маған, тек ғана маған емес, ал Оның
қайта келиўин интизарлық пенен
күткенлердиң ҳәммесине де береди.

### Жеке тилеклер ҳәм сәлемнама

9 Жаныма тезирек келиўге бар
күшиң менен тырыс. 10 Себеби Ди-
мас бул дүньяны сүйгенликтен ме-
ни таслап, Салоникаға кетти. Ал
Криский Галатияға, Титус Далма-
тияға кетти. 11 Жанымда тек Лука
ғана бар. Сен Маркты таўып, өзиң
менен бирге алып кел. Ол мениң
хызметиме жәрдем береди. 12 Мен
Тихикти Эфеске жибердим. 13 Ке-
леринде, мениң Троаста, Карп-
тың қасында қалдырып кеткен
шапанымды алып кел. Және де
китапларымды, әсиресе оралған
тери китапларды алып кел. 14 Те-
мир устасы Искендер маған көп
жаманлық иследи. Ийемиз оған
ислегенлерине қарай қайтарсын.
15 Сен де оннан абайлы бол. Өйт-
кени ол бизлердиң сөзлеримизге
қатты қарсы болды.

16 Биринши мәрте өзимди ақла-
мақшы болып жуўап бергенимде,
мени ҳеш ким жақламады. Кери-
синше, ҳәмме мени таслап кетти.
Бунның ушын Қудай оларды ке-
ширсин. 17 Бирақ, Қудайдың Хош
Хабары мен арқалы толық жәрия-
ланыўы ушын ҳәм пүткил миллет-
лер буны еситиўи ушын, Ийемиз
маған жәрдемге келип, күш-қу-
ўат берди. Ол мени арысланның
аўзынан қутқарып қалды. 18 Ийе-
миз мени ҳәр қандай жаманлық-
тан қутқарады ҳәм Өзиниң Аспан
Патшалығына аман-есен апарады.
Оған мәңги-бақый алғыс-мақтаў-
лар болсын! Аўмийин.

19 Прискилла менен Акилаға ҳәм
Онисифордың үй-ишине сәлем айт.
20 Эрастус Коринфте қалды. Тро-
фимди аўырыў ҳалында Милитте
қалдырдым. 21 Қыстан бурын ке-
лиўге бар күшиң менен тырыс. Эв-
бул, Пуд, Лин, Клавдия ҳәм барлық
исениўши туўысқанлар саған сәлем
айтып атыр. 22 Ийемиз сениң руў-
хың менен бирге болсын! Қудай-
дың мийрими сизлерге яр болғай!

# Титусқа жазылған хат

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Бул хатты елши Павел Қудайдың хызметшиси болған Титусқа жазған. Титустың миллети грек болған. Ол Павелдиң сапарларында бирге болып, Қудайға хызмет еткен.

Павел Титус пенен бирге бир қанша ўақыт Крит атаўында Қудайдың Хош Хабарын жәриялаған еди. Крит атаўы – Эгей теңизиниң қубла тәрепинде жайласқан Жер Орта теңизиндеги атаў. Олардың хызмети арқалы сол жерде исениўши жәмәәт пайда болған еди. Павел Титусты Критте өз ўәкили сыпатында қалдырып кетип, жуўмақланбай қалған ислерди тәртиплестирип, ҳәр бир қалада жәмәәт ақсақалларын тайынлаўды тапсырған еди.

Хатта исениўши жәмәәттиң ақсақаллары ҳәм жетекшилери қандай болыўы кереклиги, жәмәәттеги исениўшилерге дурыс тәлиматты үйретип, олардың дурыс өмир сүриўи кереклиги ҳаққында сөз болады.

---

### Сәлемнама

**1** [1] Қудайдың қулы ҳәм Ийса
Масийхтың елшиси болған
мен, Павелден, Титусқа сәлем! Мен
Қудайдың таңлаған адамларының
исенимин беккемлеў ушын ҳәм өз-
лерин Қудайдың жолы менен алып
жүретуғын ҳақыйқатлықты олардың
билиўи ушын тайынландым. [2] Усы
исеним ҳәм ҳақыйқатлықты билиў
өтирик сөйлемейтуғын Қудайдың
дүнья жаратылмастан бурын ўәде
еткен мәңгилик өмирин алыў үми-
тине тийкарланған. [3] Ўақты кел-
генде, Қудай жәриялаў арқалы Өз
сөзин ашып берди. Ал мен усы сөзди
жәриялаў ушын Қутқарыўшымыз
Қудайдың буйрығы менен тапсыр-
ма алдым.
[4] Ортақ исенимимиз бойынша
ҳақыйқый улым болған Титусқа
Әкемиз Қудай ҳәм Қутқарыўшы-
мыз Ийса Масийх мийрим ҳәм ты-
нышлық берсин!

### Титустың Криттеги ўазыйпасы

[5] Жуўмақланбай қалған ислер-
ди тәртиплестирип, мениң саған
буйырғанымдай, ҳәр бир қалада

жәмәәт ақсақалларын тайынла-
ўың ушын, сени Критте қалдырған
едим. [6] Ақсақал болып тайынла-
натуғын адам айыпсыз, тек бир
ҳаяллы[a] болсын. Оның балала-
ры да исениўши болып, әдепсиз
ҳәм тәрбия көрмеген, деп айып-
ланбаўы тийис. [7] Себеби жәмәәт
жетекшиси Қудайдың хызмет-
шиси сыпатында кемшиликсиз
болыўы керек. Ол қайсар, қызба,
мәскүнемликке берилген, жәнжел-
кеш, ҳарам пайданы гөзлейтуғын
болмаўы тийис. [8] Керисинше, ол
миймандос, жақсылықты сүйиў-
ши, салдамлы, ҳақ, мухаддес ҳәм
өзин тутып билетуғын болыўы
керек. [9] Және де, жәмәәт жетек-
шиси басқаларды дурыс тәлимат
пенен жигерлендириўи ушын ҳәм
ҳақыйқатқа қарсы шыққанларды
әшкаралаўы ушын, исениўшилер-
ге үйретилген ҳақыйқат сөзи бо-
йынша ис тутыўы тийис.

[10] Өйткени ҳақыйқатқа бойсын-
байтуғын, пәтиўасыз ҳәм өтирик-
ши көп адамлар бар. Ондай адамлар
әсиресе яҳудий топарлары арасын-
да көп. [11] Бундай адамлардың аў-
зын жаўыў керек. Олар өз ҳарам
нәпси ушын, үйретиўге болмайту-
ғын нәрселерди үйретип, барлық
хожалықларды бузып жүр. [12] Ҳәт-
те, критлилердиң өз данышпаны:
«Критлилер бәрқулла өтирикшилер,
жаўыз ҳайўанлар ҳәм жалқаў аш-
көзлер болған», – деген еди. [13] Бул
гүўалық – ҳақыйқат. Сонлықтан
исенимде беккем турыўы ушын,
оларды қатаң ескертип қой [14] ҳәм
оларды яҳудийлердиң мәниссиз
аңызларына, ҳақыйқаттан адасқан
адамлардың буйрықларына қулақ
астырма. [15] Пәк адамлар ушын ҳәм-
ме нәрсе пәк. Бирақ, напәк адам-
лар менен исенбейтуғын адамлар
ушын ҳеш бир нәрсе пәк емес. Себе-
би олардың ақыл-ойлары да, ҳүж-
даны да ипласланған. [16] Қудайды
билемиз десе де, ислеген ислери
менен Оннан танады. Олар – жер-
кенишли, Қудайдың сөзине қулақ
аспайтуғын ҳәм ҳәр қандай жақсы
иске жарамсыз адамлар.

### Дурыс тәлиматты үйрет!

**2** [1] Ал саған келсек, сен дурыс тә-
лимат бойынша тәлим бер. [2] Үл-
кен жастағы ер адамларға салдамлы
ҳәм ҳүрметке миясар болыўды, өз-
лерин тутып билиўди, исенимде, сү-
йиспеншиликте ҳәм сабырлылықта
беккем болыўды үйрет.

[3] Сол сыяқлы, үлкен жастағы ҳа-
яллларға да ҳүрметке ылайықлы
өмир сүриўди, өсекши ҳәм шарап-
тың қулы болмаўды, ал жақсылық-
ты үйретиўши болыўы кереклигин
үйрет. [4-5] Сонда үлкен жастағы ҳа-
яллар жас ҳаялларға ақыл-нәсият
бере алады. Қудайдың сөзине тил
тиймеўи ушын, олар жас ҳаялларға
күйеўлерин ҳәм балаларын сүйиў-
ди, өзлерин тутып билиўди, пәк,
хожалыққа жанкүйер, мийримли
болыўды ҳәм күйеўлерине бойсы-
ныўды үйрете алады.

[6] Жас ер адамларға да өзлерин
тыйып билиўди нәсият ет. [7] Жақ-
сы ислер ислеп, оларға ҳәр бир нәр-
седе өрнек бол. Тәлим бергениңде
ҳадал ҳәм салдамлы болып, [8] ҳеш

---

[a] **1:6** *Тек бир ҳаяллы* – ямаса «тек бир ҳаялға үйленген».

ким айыплай алмайтуғын дурыс
сөзлерди сөйле. Солай етип, саған
қарсы шыққанлар бизлер туўралы
ҳеш жаман нәрсе айта алмағанлық-
тан уялып қалады.
9 Қулларға хожайынларына ҳәр
бир нәрседе бойсынып, олардың
кеўлинен шығыўды, қайтарып сөй-
лемей 10 ҳәм урлық ислемей, толық
садықлық көрсетиўди үйрет. Сонда
олар Қутқарыўшымыз Қудайдың
тәлиматына ҳәр тәреплеме жақсы
ат келтиреди.
11 Өйткени Қудайдың қутқара-
туғын мийрими пүткил адамлар-
ға ашық көринди. 12 Бул мийрим
бизлерге қудайсызлықтан ҳәм
дүньяның жаман ҳәўеслеринен
ўаз кешип, ҳәзирги дәўирде өз-
леримизди тыйып билиўди, ҳақ
болыўды ҳәм Қудайдың жолына
ылайықлы өмир сүриўди үйрете-
ди. 13 Және де, ол бизлерге ҳәзир-
ше, мүбәрек үмитимиздиң, яғный
уллы Қудайымыз ҳәм Қутқарыў-
шымыз болған Ийса Масийхтың
салтанат пенен келиўин күттире-
ди. 14 Ол қун төлеп бизлерди ҳәр
бир нызамсыз ислеримизден азат
етиў ушын ҳәм жақсылық ислеў-
ге инталы, айрықша бир халықты
Өзине тазалап алыў ушын Өз жа-
нын бағышлады.
15 Усыларды толық бийлик пенен
үйретип, жигерлендир ҳәм кейи.
Өзиңди ҳеш кимге кемситтирме.

### Ийгиликли ислерди ислеўге таяр болыў

3 1 Басшыларға ҳәм ҳүкиметке
бойсынып қулақ асыўды, ҳәр
бир ийгиликли исти ислеўге таяр
болыўды, 2 ҳеш кимди өсек қылмай
ҳәм жәнжелкеш болмай, мүләйим
болып, ҳәмме адамларға ҳәр тәреп-
леме жумсақ қатнаста болыўды исе-
ниўшилерге еслетип қой.
3 Себеби бир ўақытлары бизлер
де ақылсыз, қулақ аспайтуғын,
адасқан, ҳәр түрли жаман ҳәўеслер
менен ҳәзликлердиң қулы болған,
жаманлық ҳәм күншиллик пенен
жасаған, басқалар бизлерди ҳәм
бизлер де бир-биримизди жек көр-
ген адамлар едик. 4 Бирақ Қутқа-
рыўшымыз Қудай Өз мийримин
ҳәм адамға деген сүйиспеншили-
гин ашық көрсеткенде, 5 Ол бизлер-
ди қылған ҳақ ислеримиз себепли
емес, ал Өз мийрим-шәпәәти менен
қутқарды. Бизлерди Мухаддес Руў-
хы арқалы гүнадан тазалап, қай-
тадан туўылдырды ҳәм жаңалады.
6-7 Оның мийрими менен ақланып,
өзлеримиз үмит еткен мәңгилик
өмирдиң мийрасхорлары болыўы-
мыз ушын, Ол Мухаддес Руўхын
Қутқарыўшымыз Ийса Масийх
арқалы мол-мол етип жаўдырды.
8 Бул сөз – ҳақыйқат.
Қудайға исенгенлердиң өзлерин
жақсы ислерди ислеўге арнаўға ты-
рысыўлары ушын, айтқанларымды
талап етиўиңди қәлеймен. Булар
адамлар ушын жақсы ҳәм пайдалы.
9 Бирақ, ақылсыз тартыслар ме-
нен шежирелер туўралы сөзлерден,
Мухаддес Нызамға байланыслы
айтыс ҳәм жәнжеллерден қаш. Өйт-
кени булар пайдасыз ҳәм бийкар
нәрселер. 10 Алаўызлық туўдыра-
туғын адамға бир-еки ескертиў
жасағаннан соң, оның менен бай-
ланысты үз. 11 Бундай адамның бу-
зылғанын ҳәм өз-өзин ҳүким етип,
гүна ислеп атырғанын билесең.

boлмаўы ушын ғамхорлық жаса.

### Соңғы сәлемнама ҳәм тилеклер

12 Артемди ямаса Тихикти са-
ған жибергенимде, дәрҳал Нико-
полиске, мениң жаныма келиўге
бар күшиңди сал. Себеби қысты
сол жерде өткизиўге қарар еттим.
13 Нызам хызметкери Зенас пенен
Аполлосты жолға атландырғаның-
да, олар ҳеш бир нәрсеге мүтәж
болмаўы ушын ғамхорлық жаса.
14 Мүтәж адамларға жәрдем бериў
ушын ҳәм жемиссиз өмир сүрмеў
ушын, бизиң адамларымыз да жақ-
сы ислерди ислеўге өзлерин бағыш-
лаўды үйренсин.
15 Мениң жанымдағылардың ҳәм-
меси саған сәлем айтып атыр. Бирдей
исенимде болған бизлерди сүйету-
ғынларға сәлем айт. Қудайдың мий-
рими ҳәммеңизге яр болсын!

# Филимонға жазылған хат

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Бул хатты елши Павел Филимон атлы масийхыйға жазған. Филимон Колоса қаласындағы жәмәәттиң ағзасы болыўы мүмкин. Филимонның Онисим деген қулы бар еди. Бул қул хожайынынан қашып кеткеннен кейин, Римде Павел менен қамақта бирге болып, Павел арқалы исениўши болады. Қамақта Онисим Павелге хызмет еткен ҳәм оған өз улындай болып қалған еди. Сонлықтан Павел Онисимди хожайынына жибергенде, ол ушын Филимонға өтиниш етип, енди оны қул сыпатында емес, ал сүйикли туўысқан сыпатында қабыл етиўди жазады.

---

### Сәлемнама

1 [1] Ийса Масийх ушын тутқын
болған мен, Павелден ҳәм туўысқанымыз Тимофейден, бизлер
менен бирге хызмет ететуғын сүйикли Филимонға сәлем! [2] Және де,
апамыз Афияға, бизлер менен бирге
Қудайдың әскери болған Архипке ҳәм
сениң үйиңдеги исениўшилер жәмәәтине де сәлем жоллаймыз. [3] Әкемиз
Қудай ҳәм Ийемиз Ийса Масийх сизлерге мийрим ҳәм тынышлық берсин!

### Филимонның исеними ҳәм сүйиспеншилиги

[4] Мен дуўа еткенимде сени тилге
алып, Қудайыма бәрқулла шүкирлик билдиремен. [5] Себеби сениң
Ийемиз Ийсаға деген исенимиң
ҳәм пүткил мухаддеслерге[a] деген
сүйиспеншилигиң ҳаққында еситип атырман. [6] Исенимиңди басқалар менен бөлисиўде тәсирли
болыўың ушын, қулласы, Масийх
арқалы бизлер ийе болатуғын ҳәр
қандай ийгиликти билиўде жетилисип барыўың ушын дуўа етип
атырман. [7] Өйткени туўысқаным,
сен себепли мухаддеслердиң кеўиллери көтерилип қалды. Солай етип,
сениң сүйиспеншилигиң маған үлкен қуўаныш ҳәм тәселле берди.

### Павелдиң Онисим ушын өтиниш етиўи

[8] Сонлықтан Масийхтың елшиси
сыпатында ўазыйпаңды атқарыўды

---

[a] **1:5** *Мухаддеслер* – Ийсаға исениўшилер.

саған буйырыўға бийлигим болса
да, 9-10 ҳәзир Ийса Масийх ушын
тутқын болған мен, ғарры Павел,
қамақта мениң улым болған Они-
сим ушын сеннен сүйиспеншилик
пенен өтинип сорайман. 11 Ол бир
ўақытлары саған пайдасыз болған
еди, бирақ енди болса саған да, ма-
ған да жүдә пайдалы болып қалды.
12 Оны, яғный өз жүрек-баўы-
рымды саған қайтарып жиберип
атырман. 13 Хош Хабар ушын қа-
мақта болғанымда, сениң орнында
маған хызмет етиўи ушын оны жа-
нымда алып қалыўды қәлер едим.
14 Бирақ, сениң ислейтуғын жақ-
сылығың мәжбүрий түрде емес, ал
өз ықтыярың менен болыўы ушын,
сениң қайылшылығыңсыз ҳеш нәр-
се ислегим келмеди. 15 Мүмкин,
оның сеннен ўақытша айра түске-
ниниң себеби оны мәңгиге қайта-
рып алыўың ушын болған шығар.
16 Оны енди қул деп емес, ал қулдан
зыят сүйикли туўысқаның сыпа-
тында қабыл ет. Әсиресе мен ушын
ол жүдә қәдирли. Ал сен ушын бол-
са, ол ҳәм қул сыпатында, ҳәм Ийе-
миздеги бир туўысқан сыпатында
және де қәдирлирек болады.
17 Сонлықтан егер мени жолда-
сым деп санайтуғын болсаң, оны
мени қабыл еткендей, қабыл ет.
18 Ол саған қандай да бир жаман-
лық ислеген болса ямаса қарыз-
дар болса, мениң есабыма жазып
қой. 19 Мен, Павел, буны өз қолым
менен жазып атырман: мен төлей-
мен. Ал сениң маған өз өмириң ме-
нен қарыздар екениңди айтпай-ақ
қояйын. 20 Аўа, туўысқаным, мен
сеннен Ийемиз алдында бир жәр-
дем алайын. Масийх алдында кеў-
лимди көтер. 21 Қулақ асатуғыныңа
исенип, саған жазып атырман. Се-
ниң айтқанымнан да артық ислей-
туғыныңды билемен.
22 Соның менен бирге, маған ту-
ратуғын бир орын да таярла. Өйт-
кени Қудай сизлердиң дуўа етип
сорағанларыңызға жуўап берип,
мени сизлерге жиберетуғынынан
үмит етемен.

### Соңғы сәлемнама

23 Ийса Масийх ушын мениң ме-
нен бирге тутқын болған Эпафрас
саған сәлем айтып атыр. 24 Және де,
бизлер менен хызмет етип атырған
Марк, Аристарх, Димас ҳәм Лука да
саған сәлем жоллап атыр.
25 Ийемиз Ийса Масийхтың мий-
рими сизлерге яр болсын!

# Еврейлерге жазылған хат

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Бул хаттың авторы өзи ҳаққында ҳеш қандай мағлыўмат қалдырмаған. Бирақ хаттың мазмунынан автор – Таўрат нызамларын жақсы билетуғын, масийхыйлардың арасында абырайға ерискен яҳудий екенин көриўимизге болады. Автор бул хатты Ийса Масийхқа исенген яҳудийлерге жоллаған. Масийхқа исенген яҳудийлер сол дәўирде көп қарсылықларға дуўшар болып, яҳудий динине қайтпақшы болады. Автор болса оларды жигерлендирип, Ийса Масийхқа болған исенимди беккем услаўға ҳәм ақырына дейин Оған садық қалыўға шақырады.

Хатта Ийса Масийхтың уллылығына айрықша пәт бериледи. Ол периштелерден де, пайғамбарлардан да, Муўсадан да, руўханийлерден де уллы ҳәм ҳәр тәреплеме жоқары екенин көрсетеди. Ийса Масийх Қудай тәрепинен таңланған мәңги Бас руўханий. Соның ушын, автор оқыўшылардың барлық итибарын Бас руўханий Ийса Масийхқа қаратады. Өйткени Ол адамларды гүнадан азат етиў ушын атанақ ағашта өлди, кейин қайта тирилип, аспанға көтерилди. Ол адамлар ушын Қудайдың дәргайына жол ашып берди, жаңа келисимниң тәўеллешиси болды. Ески келисим дәўиринде айтылған барлық пайғамбаршылықлар менен Қудайдың ўәделери усы жаңа келисимде әмелге асқан екен, демек Ийса Масийх бизлерди шексиз жарылқаўларға толтырады.

Масийхтың ийгилигин татып көрген болса да, исенимнен қайтып, Масийхты аяқ асты қылған адамларды автор қатты ескертеди. Сабақ сыпатында ол өтмиштеги бойсынбайтуғын адамлардың тәғдиринен мысаллар келтиреди, олардың Қудайдан қандай жаза алғанын еслетип өтеди. Кейин исениўшилерди Қудайға болған садықлығы ушын алғыслайды. Усы арқалы автор исениўшилерди Масийхқа садық қалыўға ҳәм барлық сынаўларда сабыр етиўге шақырады.

## Қудай Өз Улы Ийса арқалы сөйледи

1 [1] Қудай әййемги заманларда пай-
ғамбарлар арқалы көп мәртебе
ҳәм хәр түрли жоллар менен ата-
бабаларымызға сөйлеген еди. [2] Ал
бул соңғы ўақытларда болса, Қудай
бизлерге Өз Улы Ийса арқалы сөйле-
ди. Қудай Өз Улын пүткил барлық-
тың мийрасхоры етип белгилеп, Ол
арқалы пүткил дүньяны жаратқан
еди. [3] Қудайдың Улы – Қудайдың
салтанатының жарқыраған нуры
болып, Ол Қудайдың тәбиятының
ҳақыйқаттан қандай екенин көр-
сетеди. Ул Өзиниң қүдиретли сөзи
менен пүткил барлықты сақлап тур.
Ол Өзин қурбан етип, бизлерди гү-
наларымыздан тазалағаннан соң,
жоқарыдағы қүдиретли Қудайдың
оң жағына отырды.

### Ийса периштелерден уллы

[4] Қудайдың Улы периштелер-
ден қаншелли жоқары атты алған
болса, Ол олардан соншелли үстин
турады. [5] Өйткени Қудай периште-
лердиң қайсы бирине:

«Сен Мениң Улымсаң,
Бүгин Мен Саған Әке болдым».[a]

Және де:

«Мен Оған Әке боламан,
Ол Маған Ул болады»,[b] –

деген еди? [6] Және де, Қудай туң-
ғыш Улын дүньяға жиберип аты-
рып былай деген:

«Мениң барлық периштелерим
Оған сыйынсын».[c]

[7] Ал периштелер ҳаққында болса,
Мухаддес Жазыў былай дейди:

«Қудай Өз периштелерин
самалдай,
Хызметшилерин оттың
жалынындай қылады».[d]

[8] Бирақ, Қудайдың Улы ҳаққында
Мухаддес Жазыў былай дейди:

«Қудай, тахтың мәңги-бақый
турар,
Сениң патшалық ҳасаң – әдалат
ҳасасыдур.
[9] Сен әдилликти сүйип,
нызамсызлықты жек
көрдиң.
Соның ушын, Қудай, Сениң
Қудайың,
Досларыңнан гөре көбирек
Сени,
Қуўаныш майы менен майлады».[e]

[10] Және де, былай дейди:

«О Ийемиз,
Әўел баста жердиң тийкарын
Сен салғансаң.
Көклер Сениң қолларыңның
дөретпеси.
[11] Олар жоқ болады, ал Сен даўам
етесең.
Олардың ҳәммеси де кийимдей
тозып қалады.
[12] Оларды шапан сыяқлы орап
қоясаң,
Олар кийим сыяқлы
өзгертиледи.
Бирақ Сен өзгермейсең,

---

a **1:5** Заб 2:7.
b **1:5** 2Пат 7:14.
c **1:6** Нзм 32:43; Заб 96:7.
d **1:7** Заб 103:4.
e **1:8-9** Заб 44:7-8.

Ҳеш таўысылмайды Сениң
жылларың».[a]

13 Қудай периштелердиң ҳеш бири-
не де:

«Душпанларыңды аяғыңның
астына бастырмағанымша,
Мениң оң жағымда отыр»,[b] –
демеген. 14 Ақыры периштелердиң
ҳәммеси қутқарылыўға ийе бола-
туғынларға хызмет қылыў ушын
жиберилген хызметши руўхлар.

### Дыққат-итибарлы болайық!

**2** 1 Сонлықтан еситкенлеримиз-
ден узақлап, жолдан шығып кет-
пеўимиз ушын, еситкенлеримизге
еле де көбирек дыққат аўдарыўымыз
керек. 2 Себеби периштелер арқалы
айтылған сөз күшке ийе болып, ҳәр
қандай жынаят ҳәм бойсынбаўшы-
лық ушын әдил жаза берилетуғын
еди. 3 Солай екен, дәслеп Ийемиз тә-
репинен айтылған, соңынан Оннан
еситкенлер тәрепинен тастыйықлан-
ған уллы қутқарылыўға итибарсыз
қарасақ, бизлер бул жазадан қалай
қашып қутыла аламыз? 4 Қудай да
бул ҳаққында кәраматлы белгилер,
таң қаларлық нәрселер ҳәм ҳәр түр-
ли кәраматлы ислер арқалы, және
де, Өз қәлеўи бойынша Мухаддес
Руўхтың сыйларын үлестириўи ар-
қалы гүўалық берди.

### Қутқарылыўға жетелеўши Ийса

5 Қудай бизлер сөз етип атырған
келешек заманды периштелерге
бағынышлы қылған жоқ. 6 Кери-
синше, Мухаддес Жазыўдың бир
жеринде биреў былай деп гүўалық
берген еди:

«Сен адам туўралы ойлағандай,
ол ким болыпты?
Сен адамзатқа ғамхорлық
қылғандай, ол ким
болыпты?
7 Сен Оны периштелерден
аз ўақытқа[c] төменирек
қойдың,
Иззет-ҳүрмет тажын оған
кийгиздиң. *
8 Ҳәмме нәрсени оның аяқларына
бас урғыздың».[d]

Қудай ҳәмме нәрсени адамға бағы-
нышлы қылып, оған бағынышлы
болмаған ҳеш бир нәрсе қалдырма-
ды. Деген менен, ҳәмме нәрсениң
адамға бағынышлы екенин бизлер
елеге дейин көрмей атырмыз. 9 Би-
рақ бизлер периштелерден аз ўа-
қытқа төменирек қойылған Ийса-
ның өлим азабын шеккени ушын,
даңқ-ҳүрмет тажын кийгенин кө-
рип турмыз. Аўа, Ол Қудайдың
мийрими менен ҳәмме адамлар
ушын өлимди басынан кеширген
еди. 10 Ҳәмме нәрсе Қудай ушын
ҳәм Қудай арқалы бар болған. Усы
Қудай көп перзентлерин уллылық-
қа еристириў ушын, оларды қутқа-
рылыўға жетелеўши Ийсаны азап-
ақыретлер арқалы минсизликке
жеткизиўди мақул көрди. 11 Өйтке-
ни мухаддес қылыўшы Ийса ҳәм Ол
мухаддес қылған исениўшилердиң

---

[a] **1:10-12** Заб 101:26-28.
[b] **1:13** Заб 109:1.
[c] **2:7** *Аз ўақытқа* – ямаса «сәл-пәл».
[d] **2:6-8** Заб 8:5-7.

ҳәммеси бир Әкеден. Сонлық-
тан Ийса оларды «туўысқанла-
рым» деп атаўға уялмайды. 12 Ийса
Қудайға былай дейди:

«Туўысқанларыма Сениң
атыңды жәриялайман,
Жәмийет алдында Саған
алғыс-мақтаў айтаман».[a]

13 Және басқа жерде былай делин-
ген:

«Мен Қудайға сүйенемен»[b]

тағы да:

«Минекей, Мен Қудайдың
Маған берген балалары
менен бирге усы
жердемен».[c]

14 Бул балалар ет ҳәм қаннан иба-
рат болғанлықтан, Ийсаның Өзи
де оларға теңлесип, ет ҳәм қаннан
ибарат болған адамның денесине
ийе болды. Буны Ол өлим үстинен
бийликке ийе болғанды, яғный
шайтанды Өз өлими арқалы на-
быт қылыў ушын 15 ҳәм өмир бойы
өлим қорқынышы себепли қул бол-
ғанлардың ҳәммесин азат қылыў
ушын иследи. 16 Себеби, әлбетте,
Ийса периштелерге емес, ал Иб-
райымның урпағынан болғанлар-
ға жәрдем етеди. 17 Сол себептен
Қудайдың хызметинде мийрим-
шәпәәтли ҳәм садық бас руўханий
болып, адамлардың гүналарын та-
залаў ушын, Ол ҳәр тәреплеме ту-
ўысқанларына уқсаўы керек еди.
18 Оның Өзи сынаққа түсип, азап
шеккенликтен, Ол сынаққа түскен-
лерге де жәрдем ете алады.

## Ийса Муўсадан уллы

3 1 Солай етип, бизлер менен
бирге Қудай тәрепинен шақы-
рылған, мухаддес туўысқанларым,
Қудайдың елшиси ҳәм бас руўха-
нийи, деп өзлеримиз ашық тән ал-
ған Ийса ҳаққында терең ойлаңлар!
2 Муўса Қудайдың пүткил шаңа-
рағында Қудайға садық болғанын-
дай, Ийса да Өзин хызметке қойған
Қудайға садық болды. 3 Үйди салған
салынған үйден гөре көбирек ҳүр-
метке ылайықлы болғаны сыяқлы,
Ийса да Муўсадан гөре жоқарырақ
уллылыққа ылайық табылды. 4 Ҳәр
бир үйдиң қурыўшысы бар, ал Қудай
пүткил барлықтың жаратыўшысы.
5 Муўса келешекте айтылатуғын сөз-
лер ҳаққында гүўалық бериў ушын,
Қудайдың пүткил шаңарағында бир
хызметкер сыпатында садық болды.
6 Бирақ, Масийх Қудайдың шаңа-
рағын басқаратуғын Ул сыпатында
садық болды. Егер өзлеримиздe-
ги үмит себепли пайда болатуғын
батырлық ҳәм қуўанышты ақыры-
на дейин беккем сақласақ, бизлер –
Оның шаңарағымыз.

## Қудайдың тынышлық беретуғын мәканы

7 Сол себептен Мухаддес Руўх
былай дейди:

«Егер бүгин Қудайдың даўысын
еситсеңлер,
8 Шөлдеги сынақ ўақтында
қозғалаң көтерген ата-
бабаларыңыздай,

---

a 2:12 Заб 21:23.
b 2:13 Ийш 8:17.
c 2:13 Ийш 8:18.

Тас қылмаңлар жүреклериңизди.
9 Олар сол жерде қырық жыл
бойы ислеген ислеримди
көрген болса да,
Мени сынай берди.
10 Сонлықтан Мен сол әўладқа
ғәзепленип былай дедим:
„Олардың жүреклери бәрқулла
азғырылған,
Олар Мениң жолларымды
билмеди“.
11 Және де, Мен қәҳәрленгенимде:
„Олар Мениң тынышлық
беретуғын мәканыма
кирмейди“, – деп ант
ишкен едим».[a]
12 Ҳәй туўысқанларым, жүреги-
ңиз исенбей жаўыз болып қалып,
тири Қудайдан безип кетиўден сақ
болыңлар! 13 Керисинше, араңызда-
ғы ҳеш бириңиз гүнаның алдаўы-
на ерип, жүрегин қайсар қылмаўы
ушын, ҳәр күни еле «бүгин» деп ай-
тылып атыр екен, бир-бириңизди
жигерлендирип барыңлар. 14 Өйт-
кени егер бизлер дәслепки исени-
мимизди ақырына дейин беккем
сақласақ, Масийхқа тийисли бол-
ған ҳәмме нәрсеге шерик боламыз.
15 Жоқарыда былай делинген еди:
«Егер бүгин Қудайдың даўысын
еситсеңлер,
Қозғалаң көтерген ата-
бабаларыңыздай,
Тас қылмаңлар
жүреклериңизди».[b]
16 Қудайдың сөзин еситсе де, Оған
қарсы қозғалаң көтерген кимлер
еди? Муўсаның басшылығында
Мысырдан шыққанлардың ҳәм-
меси емес пе еди? 17 Қудай кимлерге
қырық жыл ашыўлы еди? Гүна ис-
леп, сүйеклери шөлде қалғанларға
емес пе? 18 Қудай кимлерге: «Мениң
тынышлық беретуғын мәканыма
кирмейсизлер», – деп ант ишкен
еди? Өзине бойсынбағанларға емес
пе? 19 Солай етип, көрип турғаны-
мыздай, олар исенбегенликтен сол
жерге кире алмады.

4 1 Сонлықтан Қудайдың ты-
нышлық беретуғын мәканға
киргизиўи ҳаққындағы ўәдеси еле
де күшке ийе екен, араңыздағы ҳәр
бириңиз усы ўәдеден бос қалып
қойыўдан қорқып, сақ болыңлар.
2 Себеби бизлерге жәрияланған
Хош Хабарды ата-бабаларымыз да
еситкен еди. Бирақ олар еситкен
сөзлерин исеним менен қабыл ет-
пегенликтен, бул сөзлердиң оларға
пайдасы тиймеди. 3 Қудай дүньяны
жаратып болғаннан кейин-ақ, ты-
нышлық беретуғын мәканды таяр-
лап қойған болса да, олар ҳаққында
былай деген:
«Мен қәҳәрленгенимде:
„Олар Мениң тынышлық
беретуғын мәканыма ҳеш
қашан кирмейди“, – деп
ант иштим».[c]
Бирақ, исенетуғын бизлер сол мә-
канға киремиз. 4 Муқаддес Жазыў-
дың бир жеринде жетинши күн[d]
ҳаққында былай делинген:

---

a **3:7-11** Заб 94:7-11.
b **3:15** Заб 94:7-8.
c **4:3** Заб 94:11.
d **4:4** *Жетинши күн* – Қудайдың буйрығы бойынша, яҳудийлердиң Шаббат күни.

«Қудай жетинши күни барлық
ислеринен дем алды».[a]
5 Және де, Мухаддес Жазыўдың
басқа жеринде Қудай былай деген:
«Олар Мениң тынышлық
беретуғын мәканыма ҳеш
қашан кирмейди».[b]
6 Солай етип, алдын Хош Хабар-
ды еситкенлер сөзге қулақ аспа-
ғанлықтан, тынышлық беретуғын
мәканға кирмеди. Бирақ, басқалар
ушын ол жерге кириўге мүмкин-
шилик бар. 7 Сол себептен Қудай
«бүгин» деп аталатуғын және бир
күнди белгилеп, алдын айтылған-
дай, көп ўақытлардан соң, Даўыт
арқалы былай деген еди:
«Егер бүгин Қудайдың даўысын
еситсеңлер,
Тас қылмаңлар
жүреклериңизди».[c]
8 Егер Ешуа израиллыларды ты-
нышлық беретуғын мәканға ерис-
тиргенде[d], Қудай соңынан басқа
бир күн ҳаққында айтпаған бо-
лар еди. 9 Демек, Қудайдың хал-
қы ушын ҳақыйқый дем алатуғын
ўақыт келеди. 10 Қудай дүньяны
жаратқаннан соң қалай дем алған
болса, тынышлық мәканына кир-
ген ҳәр бир адам да өз ислеринен
солай дем алады. 11 Солай екен, ҳеш
биримиз бойсынбаған сол адам-
ларға ерип адаспай, тынышлық мә-
канына кириўге тырысайық.
12 Қудайдың сөзи тири ҳәм тә-
сирли. Ол еки жүзли қылыштан да
өткир болып, жан менен руўхты,
буўын менен сүйеклерди бөлету-
ғын дәрежеде суғылып киреди. Ол
жүректеги ой ҳәм нийетлерди әш-
кара қылады. 13 Жаратылған ҳеш
бир нәрсе Қудай алдында жасы-
рын емес. Оның көз алдында ҳәр
бир нәрсе ашық ҳәм аян. Бизлер
усы Қудайға есап беремиз.

### Бас руўханийимиз Ийса

14 Бирақ, бизлерде аспанға кө-
терилген уллы бас руўханийи-
миз – Қудайдың Улы Ийса бар.
Сонлықтан өзлеримиз ашық тән
алған исенимимизди беккем сақ-
лайық. 15 Ол – бизлердиң ҳәлсиз-
ликлеримизди бөлисе алатуғын
бас руўханий. Оның Өзи ҳәр тә-
реплеме бизлер сыяқлы сыналды,
бирақ гүна ислемеди. 16 Сонлық-
тан реҳимлилик алыў ушын ҳәм
керек ўақтында өзлеримизге жәр-
дем ететуғын мийримге ерисиў
ушын, Қудайдың мийримге ийе
тахтына батыллық пенен жақын-
лайық.

5 1 Ҳәр бир бас руўханий адам-
лар арасынан таңлап алынады
ҳәм ол Қудайға байланыслы ислерде
адамлардың ўәкили болып, олар-
дың гүналары ушын Қудайға сада-
қа ҳәм қурбанлықлар бериў ушын
тайынланады. 2 Билмей қалып жол-
дан адасқанларға ол мүләйимлилик
пенен қатнас жасай алады. Өйтке-
ни оның өзиниң де ҳәлсиз жерлери
бар. 3 Сол себептен ол тек халықтың

---

a 4:4 Жар 2:2.
b 4:5 Заб 94:11.
c 4:7 Заб 94:7-8.
d 4:8 Нзм 31:7.

гүналары ушын емес, ал өзиниң гү-
налары ушын да қурбанлық бериўи
шәрт. 4 Ҳеш бир адам бас руўха-
ний болыў мәртебесине өзлигинен
ерисе алмайды. Тек Харон сыяқлы
Қудай тәрепинен шақырылса ғана
ерисе алады[a].
5 Сол сыяқлы, Масийх та бас руў-
ханийлик мәртебесине ийе болыў
ушын, Өзин Өзи уллылаған жоқ.
Ал Оған:

«Сен Мениң Улымсаң,
Бүгин Мен Саған Әке
болдым»,[b] –

деген Қудайдың Өзи Оны усы мәр-
тебеге еристирди. 6 Мухаддес Жа-
зыўдың басқа жеринде Қудай Оған
былай деген:

«Сен Мелкиседек[c] сыяқлы,
Мәңгиге руўханийсең».[d]

7 Масийх жер жүзинде адам
болып жасаған күнлерде Өзин
өлимнен қутқара алатуғын күшке
ийе болған Қудайға бәлент даўыс
пенен пәрияд етип, көз жасларын
төгип ҳәм дуўа етип жалбарын-
ды[e]. Ол Қудайға бойсынған-
лықтан, Қудай Оны еситти. 8 Ол
Қудайдың Улы болса да, шеккен
азаплары арқалы бойсыныўды
үйренди. 9 Масийх усы тәриз-
де минсизликке ерисип, Өзине
бойсынатуғынлардың ҳәммеси
ушын мәңгилик қутқарылыўға
жол ашты 10 ҳәм Ол Қудай тәре-
пинен Мелкиседек сыяқлы бас
руўханий, деп аталды.

## Исенимнен қайтпаў ҳаққында ескертиў

11 Мелкиседек ҳаққында айтажақ
көп сөзлеримиз бар, бирақ сизлер
зейинсиз болғанлықтан, түсинди-
риў қыйын болады. 12 Усы ўақытқа
келип, сизлер муғаллим болы-
ўыңыз керек еди. Бирақ сизлер
Қудайдың сөзлериниң дәслепки
тийкарларын қайтадан үйрениў-
ге мүтәжсиз. Сизлерге күшли аў-
қат емес, ал сүт керек! 13 Сүт пенен
азықланатуғын ҳәр бир адам гөдек,
яғный ҳақыйқатлық сөзи бойын-
ша жасаўда тәжирийбесиз адам
болғаны. 14 Ал күшли аўқат ере-
сек адамлар ушын, яғный өмир-
деги тәжирийбеси арқалы жаман
менен жақсыны айырыў сезими-
не ийе болғанлар ушын арналған.

6 1 Сонлықтан Масийх ҳаққында
басланғыш тәлиматты үйрениўде
тоқтап қалмайық, ал алға илгерилеп,
жетилисип барайық. Өлимге жете-
леўши ислер ушын тәўбе етиўден,
Қудайға иseниўден, 2 суўға шомыл-
дырыў ҳаққындағы қағыйдалардан,
қол қойып дуўа етиўден, өлилердиң
тирилиўинен ҳәм мәңгилик ҳүким-
нен ибарат болған сол тәлиматтың
тийкарларын қайтадан салмайық.
3 Егер Қудай рухсат берсе, бизлер
алға илгерилеп, жетилисип барамыз.
4 Бир мәртебе ҳақыйқатлық нуры
түсип, Қудайдың сыйының дәмин

---

[a] **5:4** Шығ 28:1.
[b] **5:5** Заб 2:7.
[c] **5:6** Жар 14:17-20.
[d] **5:6** Заб 109:4.
[e] **5:7** Мрк 14:32-42; Юхн 12:27-33.

татқан ҳәм Мухаддес Руўхқа шерик
болғанларды, 5 Қудайдың сөзиниң
жақсы екенин ҳәм келешектиң қүди-
ретли ислерин өмирлеринде көрип
болып, 6 исенимнен қайтқанларды
дүзетип тәўбе қылдырыў мүмкин
емес. Себеби олар Қудайдың Улын
өзлери қайтадан атанақ ағашқа ше-
гелеп, масқара қылған болады. 7 Үс-
тине жийи-жийи жаўған жаўынды
ишкен ҳәм өзинде ислегенлерге пай-
далы зүрәәт берген жерди Қудай жа-
рылқайды. 8 Бирақ шеңгел менен
жантақ өскен жер жарамсыз болып,
көп күтпей ғарғысқа ушырайды ҳәм
ақыры жандырылып жибериледи.

9 Сизлерге келсек, сүйикли туўыс-
қанларым, бизлер усылай десек те,
сизлердиң қутқарылыўға байла-
ныслы еле де көбирек жарылқаў-
ларға ийе екениңизге исенимимиз
кәмил. 10 Өйткени Қудай әдалатсыз
емес. Ол сизлердиң мийнетиңизди
ҳәм мухаддеслерге[a] қылған ҳәм қы-
лып атырған хызметиңиз арқалы
Өзине көрсеткен сүйиспеншилиги-
ңизди умытпайды. 11 Ҳәр бириңиз
үмитиңизди ақырына дейин беккем
сақлаўыңыз ушын, усылай ғайрат
салыўыңызды әрман етемиз. 12 Және
де ериншек болмай, Қудай тәрепи-
нен ўәде етилгенлерди исеним ҳәм
сабырлылық пенен алғанлардан өр-
нек алыўыңызды қәлеймиз.

### Қудайдың өзгермейтуғын ўәдеси

13 Қудай Ибрайымға ўәде бер-
генде, Өзинен уллырақ ҳеш ким
болмағанлықтан, Өзиниң аты ме-
нен ант ишип, 14 былай деген еди:

«Сени үсти-үстине жарылқайман.
Урпақларыңды сансыз қылып кө-
бейтемен».[b]

15 Солай етип, Ибрайым сабыр-
лылық пенен күтип, ўәде етилген-
ди алды.

16 Адамлар өзлеринен уллырақ
болған менен ант ишеди. Олар
ушын ант айтылған сөзлерди тас-
тыйықлап, ҳәр бир тартысты тоқ-
татады. 17 Сол сыяқлы, Қудай да Өз
еркиниң өзгермейтуғынын ўәдени
мийрас етип алғанларға ашық көр-
сетпекши болып, ўәдесин ант пе-
нен тастыйықлады. 18 Солай етип,
усы еки нәрсе, яғный ўәде ҳәм ант
өзгермейди. Себеби Қудай оларды
айтқанда өтирик сөйлеўи мүмкин
емес. Сонлықтан өзлеримизге бе-
рилген үмитти беккем сақлаўымыз
ушын, Қудайдан пана тапқан биз-
лер олар арқалы үлкен жубанышқа
ийе боламыз.

19 Бизлердиң бул үмитимиз жан-
ларымыз ушын кемениң көшкиси
сыяқлы исенимли ҳәм беккем. Усы
үмит бизлерди аспандағы Мухад-
дес шатырдың пердесиниң арғы
тәрепине өткизеди. 20 Ийса бизлер
ушын сол жерге бизлерден алдын
кирип, Мелкиседек сыяқлы мәң-
гиге бас руўханий болды.

### Руўханий Мелкиседек

7 1 Бул Мелкиседек Салим[c] патша-
сы ҳәм Қудай Тааланың руўха-
нийи еди. Ол патшаларды жеңилиске

---

[a] **6:10** *Мухаддеслер* – Ийсаға исениўшилер.
[b] **6:14** Жар 22:17.
[c] **7:1** *Салим* – Ерусалимниң ески аты.

ушыратып қайтып киятырған Иб-
райымды қарсы алып, оған пәтия-
сын берген еди. 2 Ал Ибрайым оған
ҳәмме нәрсениң оннан бирин берген
еди[a]. Оның еки аты бар, биринши
Мелкиседек болып, бул аттың мәни-
си «әдиллик патшасы», ал екиншиси
Салим патшасы болып, бул аттың
мәниси «тынышлық патшасы» де-
генди аңлатады. 3 Оның әкеси, анасы
ҳәм шежиреси белгисиз. Өмириниң
басы, я соңы жоқ. Ол сол жағынан
Қудайдың Улына уқсайды ҳәм мәң-
гиге руўханий болып қалады.

4 Қараңлар, ол қаншелли уллы!
Ҳәтте, түп бабамыз Ибрайым да
түскен олжаларының оннан бирин
оған берген еди. 5 Лебий урыўы-
нан шыққан руўханийлер Мухад-
дес Нызамдағы буйрық бойынша өз
туўысқанларынан, яғный халықтан,
ҳәммеси де Ибрайымның урпақ-
лары болса да, оннан бирин алы-
ўы тийис еди. 6 Мелкиседек Лебий
урыўынан болмаса да, Ибрайымнан
оннан бирин алып, Қудайдың ўәде-
сине ийе болған оған пәтиясын бер-
ген еди. 7 Пәтия берген адам пәтия
алған адамнан уллы екени сөзсиз.
8 Оннан бирин алатуғын руўханий-
лердиң басында өлим бар. Бирақ,
Ибрайымнан оннан бирин алған
Мелкиседектиң тири екени ҳақ-
қында гүўалық бар. 9 Демек, оннан
бирин алатуғын Лебийдиң өзи де
Ибрайым арқалы оннан бирин бер-
ди, деп айтыўға болады. 10 Өйткени
Мелкиседек Ибрайымды қарсы ал-
ғанда, Лебий еле бабасы Ибрайым-
ның белинде еди.

11 Израил халқы Мухаддес Ны-
замды лебийлилердиң руўханий-
лик хызмети тийкарында алған
еди. Бирақ егер Харон әўладынан
болған лебийлилердиң руўханий-
лик хызмети арқалы минсизлик-
ке ерисиў мүмкин болғанда, онда
Мелкиседек сыяқлы басқа бир руў-
ханийдиң келиўине ҳәжет бар ма
еди? 12 Себеби руўханийлик хыз-
мети өзгертилсе, Мухаддес Нызам
да өзгертилиўи тийис. 13 Алдын сөз
етилген адам, яғный Ийса басқа
урыўдан шыққан еди. Сол урыўдан
ҳеш ким қурбанлық орында хыз-
мет етпеген. 14 Ал Ийемиз Ийсаның
Яҳуда урыўынан келип шыққаны
анық. Муўса бул урыўға байланыс-
лы руўханийлик ҳаққында ҳеш
нәрсе айтпаған еди.

### Ийса Мелкиседек сыяқлы руўханий

15 Мелкиседекке уқсаған бас-
қа бир руўханий пайда болғанда
бул сөзлеримиз еле де анығырақ
болады. 16 Ийса Лебий урыўы-
на байланыслы болған Мухаддес
Нызамдағы қағыйдалар бойынша
емес, ал таўысылмайтуғын өмир
қүдирети менен руўханий болды.
17 Өйткени Мухаддес Жазыўда Ол
ҳаққында:

«Сен Мелкиседек сыяқлы,
Мәңгиге руўханий болып
қаласаң!»,[b] –

деген гүўалық бар. 18 Руўханийлик
ҳаққында әўелги қағыйдалар ҳәл-
сиз ҳәм пайдасыз болғанлықтан
бийкар етилди. 19 Себеби Мухаддес

---

a **7:1-2** Жар 14:17-20.
b **7:17** Заб 109:4.

Нызам ҳеш бир нәрсени минсиз-
ликке еристирмеди. Бунының орны-
на, бизлерди Қудайға жақынласты-
ратуғын жақсы үмит берилди.
20 Ийса Қудайдың берген анты
бойынша руўханий болды. Ал ле-
бийли руўханийлер Қудайдың ан-
ты бойынша руўханий болған жоқ.
21 Ийса Өзине:

«Жаратқан Ийе ант ишти, Өз
қарарынан қайтпайды:
„Мәңгиге руўханий болып
қаласаң!“»,[a] –

деген Қудайдың анты бойынша
руўханий болды. 22 Солай етип,
Ийса еле де жақсырақ келисимниң
кепили болды.
23 Және бир айырмашылығы мы-
надай: лебийли руўханийлердиң
саны көп еди. Өйткени өлим олар-
ға хызметлерин даўам етиўге тос-
қынлық қылатуғын еди. 24 Бирақ
Ийса мәңги жасайтуғын болған-
лықтан, Оның руўханийлиги де
мәңги. 25 Сонлықтан Ол Өзи арқа-
лы Қудайға келгенлерди пүткиллей
қутқаратуғын күшке ийе. Себеби
Ол мәңгиге тири болып, Қудайдан
олар ушын өтинип сорайды.
26 Ийса бизлерге керек болған
бас руўханийдиң анық Өзи бола-
ды. Өйткени Ол мухаддес, айыпсыз,
пәк, гүнакарлардан ажыратылған
ҳәм аспаннан да жоқары көтерилип,
уллы абырайға ийе болған. 27 Басқа
бас руўханийлер сыяқлы, ҳәр кү-
ни әўели Өз гүналары ушын, ал со-
ңынан халықтың гүналары ушын
қурбанлық бериўдиң Оған ҳәжети
жоқ. Себеби Ол Өзин қурбан етип,
бул исти бир мәртебе ҳәм бирота-
ла орынлады. 28 Муўсаның Нызa-
мы бойынша минсиз емес болған
адамлар бас руўханий қылып қо-
йылды. Бирақ Муўсаның Нызамы-
нан соң, Қудайдың ант етип берген
ўәдеси Оның мәңгиге минсиз Улын
бас руўханий етип қойды.

### Ийса – жаңа келисимниң бас руўханийи

8 1 Айтқанларымыздың баслы мә-
ниси мынадан ибарат: аспанда
қүдиретли Қудайдың оң жағында
отырған бизлердиң бас руўханийи-
миз Ийса бар. 2 Ол сол жерде адам
тәрепинен емес, ал Жаратқан Ийе
тәрепинен қурылған ҳақыйқый ҳәм
Мухаддес шатырда хызмет қылады.
3 Ҳәр бир бас руўханий садақа ҳәм
қурбанлықлар бериў ушын тайын-
ланады. Сонлықтан бизлердиң бас
руўханийимиздиң де беретуғын бир
нәрсеси болыўы тийис еди. 4 Егер
Ийса жер жүзинде қалғанда, руўха-
ний болмас еди. Өйткени әлле қа-
шан жер жүзинде Мухаддес Нызам
бойынша садақалар беретуғын руў-
ханийлер бар. 5 Бирақ, бул руўханий-
лер аспандағы ҳақыйқый Мухаддес
шатырдың үлгиси ҳәм көлеңкеси
болған жердеги Мухаддес шатыр-
да хызмет етеди. Себеби Муўса усы
Мухаддес шатырды қурыўға кирис-
кенде, Қудай тәрепинен былай деп
ескертилген еди: «Абайлы бол, ҳәр
бир нәрсени саған таўда көрсетилген
үлгилер бойынша исле».[b] 6 Ал Ийса
бурынғыдан да жақсырақ ўәделерге
тийкарланып дүзилген, Қудай менен

---

[a] **7:21** Заб 109:4.
[b] **8:5** Шығ 25:40.

адамлардың арасындағы жақсырақ келисимниң тәўеллешиси болды. Сонлықтан Ол руўханийлердиң хызметинен анағурлым жоқарырақ хызметке ийе болды.

7 Егер сол биринши келисим кемшиликсиз болғанда, оның орнына екиншисин дүзиўдиң кереги болмас еди. 8 Ал, халқын айыплы деп тапқан Қудайдың сөзлери мынадай:

«Мынадай күнлер келеди, – дейди Жаратқан Ийе. – Мен Израил ҳәм Яҳуда халқы менен жаңа келисим дүземен. 9 Бул келисим Мен олардың ата-бабаларының қолынан услап, Мысыр елинен алып шыққан ўақтымда олар менен дүзген келисимдей болмайды. Өйткени олар Мениң келисимиме садық болмады. Сонда Мен де олардан жүзимди терис бурдым. 10 Сол күнлерден кейин, Израил халқы менен дүзетуғын келисимим мынаў, – дейди Жаратқан Ийе, – Мен Өз нызамымды олардың сана-сезимине орналастырып, жүреклерине жазып қояман. Мен олардың Қудайы боламан, олар Мениң халқым болады. 11 Ҳеш ким өз достына ямаса өз туўысқанына „Жаратқан Ийени танып бил“, – деп үйретпейтуғын болады. Себеби кишкенесинен үлкенине дейин ҳәммеси Мени таныйтуғын болады. 12 Мен олардың қылмысларын реҳимлилик пенен кеширемен, гүналарын қайтып есиме алмайман».[a]

13 Қудай «жаңа келисим» деп, бурынғысының гөнергенин көрсетти. Гөнерген нәрсе көп өтпей жоқ болады.

### Биринши келисим дәўириндеги диний хызмет

**9** 1 Биринши келисим дәўиринде сыйыныў қағыйдалары ҳәм адамның қолынан қурылған Мухаддес шатыр бар еди. 2 Қурылған сол Мухаддес шатырдағы «Мухаддес бөлме» деп аталатуғын биринши бөлмеде шыра қойғыш, стол ҳәм столдың үстинде усынылған нанлар болатуғын еди. 3 Мухаддес шатырдағы екинши перденың артында «Ең мухаддес бөлме» деп аталатуғын екинши, ишки бөлме бар еди. 4 Бул бөлмеде алтыннан исленген түтетки түтетилетуғын орын ҳәм ҳәмме жери алтын менен қапланған Келисим сандығы бар еди. Сандықтың ишинде манна[b] салынған алтын гүзе, Харонның бөрткен ҳасасы ҳәм он буйрық ойып жазылған таслар бар еди. 5 Сандықтың үстинде салтанатлы керублардың[c] мүсинлери бар еди. Олар сандықтың үстиндеги гүнадан пәклеў орнын қанатлары менен жаўып туратуғын еди[d]. Бирақ, ҳәзир бул нәрселер ҳаққында бирме-бир айта алмаймыз.

6 Мухаддес шатыр усылай үскенеленген еди. Оның биринши бөлмесине руўханийлер ҳәр қашан кирип,

---

a **8:8-12** Ерм 31:31-34.
b **9:4** *Манна* – Израил халқы Мысырдан шығып шөлде жүргенде, Қудай аспаннан берген азық.
c **9:5** *Керуб* – қанатлы руўхый барлық.
d **9:1-5** Шығ 36:8–37:29.

сыйыныў хызметин орынлайтуғын
еди. **7** Ал екинши, ишки бөлмеге
болса, бир жылда бир мәртебе тек
бас руўханий ғана кире алатуғын
еди. Ол өзи менен бирге сол жерге
өзиниң гүналарының ҳәм халық-
тың билмей ислеген гүналарының
кеширилиўи ушын шалынған қур-
банлықтың қанын алып кириўи
тийис еди. **8** Бул арқалы Мухаддес
Руўх бизлерге мынаны билдире-
ди: Мухаддес шатырдың биринши
бөлмеси еле бар екен, Ең мухаддес
бөлмеге баратуғын жол жабық бо-
лады. **9** Бул ҳәзирги заман ушын
тымсал болып, берилген садақа-
лар ҳәм қурбанлықлардың Қудайға
сыйынатуғын адамның ҳүжданын
пәклей алмайтуғынын көрсетеди.
**10** Булар тек жеўге, ишиўге ҳәм ҳәр
қыйлы диний тазаланыў үрдисле-
рине байланыслы нәрселер болып,
жаңа дүзим пайда болғанға дейин
күшке ийе болған сыртқы қағый-
далар ғана.

**11** Бирақ Масийх пайда болған
жақсы нәрселердиң* бас руўханийи
болып келип, қолдан соғылмаған,
яғный бул дүньядағы жаратылыс-
тан болмаған уллырақ ҳәм мин-
сиз Мухаддес шатырға кирди.
**12** Масийх теке ҳәм таналардың
қаны менен емес, ал Өз қаны ме-
нен Ең мухаддес бөлмеге биринши
ҳәм соңғы мәртебе кирип, бизлерге
мәңгилик қутқарылыў алып келди.
**13** Бурын ҳарамланып қалғанлар-
дың денесиниң пәк болыўы ушын,
олардың үстилерине теке менен бу-
ғалардың қаны[a] ҳәм қашарлардың
күли[b] себилип, оларды мухаддес
қылатуғын еди. **14** Ал енди болса,
мәңгилик Мухаддес Руўх арқалы
Өзин минсиз қурбанлық қылып
Қудайға бағышлаған Масийхтың
қаны бизлердиң тири Қудайға хыз-
мет ете алыўымыз ушын, ҳүжданы-
мызды өлимге жетелеўши ислерден
тазалаўы сөзсиз.

**15** Солай етип, Қудай тәрепинен
шақырылғанлардың ўәде етилген
мәңгилик мийрасты алыўы ушын,
Масийх Қудай менен адамлардың
арасында дүзилген жаңа келисим-
ниң тәўеллешиси болды. Өйткени
Ол адамларды биринши келисим-
ниң ўақтында ислеген гүналары-
нан қутқарыў ушын, Өзин қурбан
етти. **16** Ўәсият[c] бар жерде ўәсият
еткен адамның өлимин тастыйық-
лаў да керек болады. **17** Ўәсият тек
адамның өлиминен соң ғана күш-
ке ийе болады. Ўәсият еткен адам
тири болса, ол ҳеш қандай күшке
ийе емес. **18** Сонлықтан биринши
келисим де қан төгилгеннен кейин
күшке енди. **19** Муўса Мухаддес Ны-
замның ҳәр бир буйрығын халық-
қа жәриялағаннан соң, тана ҳәм
текелердиң суў қосылған қанына
қырмызы жүн менен майоран шө-
бин малып алып, Келисим китабы-
ның ҳәм пүткил халықтың үстине
сеўип: **20** «Бул – Қудайдың сизлер
менен дүзген келисимин бекитe-
туғын қан»,[d] – деди. **21** Сондай-ақ,

---

[a] **9:13** Леб 16:1-34.
[b] **9:13** Сан 19:1-22.
[c] **9:16** *Ўәсият* – грекше «ўәсият» сөзи «келисим» дегенди де билдиреди.
[d] **9:20** Шығ 24:8.

ол Мухаддес шатырдың ҳәм сы-
йынғанда қолланылатуғын бар-
лық затлардың үстине де қан септи.
22 Ҳақыйқаттан да, Мухаддес Ны-
зам бойынша дерлик ҳәмме нәрсе
қан менен тазаланады. Қан төгил-
месе, гүна кеширилмейди.

### Масийхтың минсиз қурбанлығы

23 Солай етип, аспандағы ҳақый-
қый нәрселердиң үлгиси болған
бул нәрселер усылай тазаланыўы
керек еди. Бирақ аспандағы нәр-
селер болса, оннан да жақсырақ
қурбанлықлар менен тазаланы-
ўы тийис. 24 Себеби Масийх ас-
пандағы ҳақыйқый ҳәм Мухаддес
шатырдың үлгиси болған, қолдан
қурылған Мухаддес шатырға емес,
ал туўры аспанға кирип, ҳәзир биз-
лер ушын Қудайдың алдында тур.
25 Малдың қаны менен Ең мухаддес
бөлмеге жыл сайын киретуғын бас
руўханий сыяқлы, аспанға кирген
Масийхқа Өзин қайта-қайта қурбан
етиўдиң кереги жоқ. 26 Егер олай
болмағанда, дүнья жаратылған-
нан баслап Масийхтың қайта-қайта
азап шегиўи тийис болар еди. Бирақ
Масийх Өзин қурбан етип, гүнаны
жоқ қылыў ушын, заманның ақы-
рында тек бир мәртебе жерге келди.
27 Бир мәртебе өлип, оннан соң ҳү-
ким етилиў адамлардың тәғдирине
жазылған. 28 Сол сыяқлы, Масийх
та көплердиң гүналарын жуўыў
ушын, биринши ҳәм соңғы мәрте-
бе қурбан болды. Екинши мәртебе
болса, Ол гүналарды жуўыў ушын
емес, ал Өзин интизарлық пенен
күтип атырғанларды толық қут-
қарыў ушын келеди.

## 10

1 Мухаддес Нызам келешек-
теги жақсы нәрселердиң ҳа-
қыйқый келбети емес, ал көлеңкеси
ғана. Сонлықтан усы Мухаддес Ны-
зам бойынша ҳәр жылы үзликсиз
берилетуғын бирдей қурбанлық-
лар Қудайға сыйынатуғынларды
ҳеш қашан толық пәклей алмайды.
2 Егер толық пәклей алса, қурбан-
лық берилиў тоқтатылмас па еди?
Өйткени сыйыныўшылар бир мәр-
тебе гүналарынан тазаланғанынан
соң, оларда қайтып гүнакарлық се-
зими қалмаған болар еди. 3 Бирақ
усы қурбанлықлар адамларға жыл
сайын гүналарын есине түсиреди.
4 Себеби буғалар менен текелердиң
қаны гүналарды жоқ қыла алмай-
ды. 5 Сол себептен Масийх дүньяға
келип, Қудайға былай деген еди:
«Сен қурбанлық ҳәм
садақаларды қәлемедиң,
Бирақ, Мен ушын бир дене
таярладың.
6 Жандырылатуғын ҳәм гүна
қурбанлықларын,
Сен хош көрмедиң.
7 Сонда Мен былай дедим:
„Мине, мен келдим,
Орама китапта мен ҳаққында
жазылған.
Сениң еркинди орынлаўдан
рәҳәтленемен, Қудайым“».[а]
8 Төмендегилердиң Мухаддес Ны-
зам бойынша берилетуғынына
қарамастан, Масийх алдын: «Қур-
банлықларды, садақаларды, жан-
дырылатуғын қурбанлықларды ҳәм

а **10:5-7** Заб 39:7-9.

гүна ушын берилген қурбанлықлар-
ды Сен қәлемедиң ҳәм оларды хош
көрмедиң», – деген еди. 9 Соңынан
Масийх: «Сениң қәлеўинди орын-
лаў ушын, Мен келдим», – деди. Яғ-
ный, Ол екинши келисимди орнатыў
ушын, биринши келисимди бийкар
етти. 10 Қудайдың усы қәлеўи бойын-
ша, Ийса Масийх Өз денесин бирин-
ши ҳәм соңғы мәртебе қурбан етиўи
арқалы бизлер мухаддес қылындық.
11 Ҳәр бир руўханий ҳәр күни
хызметте турып, бирдей қурбан-
лықларды қайта-қайта береди.
Бирақ бул қурбанлықлар гүналар-
ды ҳеш қашан жоқ қыла алмайды.
12 Ал бизлердиң бас руўханийимиз
Масийх гүналар ушын мәңгиликке
татырлы тек бир қурбанлық берип,
Қудайдың оң тәрепине отырды.
13 Ол сол ўақытлардан бери, Өз
душпанларының аяқларының ас-
тына басылыўын күтпекте. 14 Өйт-
кени Ол мухаддес қылынғанларды
тек бир қурбанлық пенен мәңги-
ликке минсиз қылды. 15 Мухаддес
Руўх та бул ҳаққында бизлерге
гүўалық береди. Әўели Ол бы-
лай деген:
16 «Сол күнлерден кейин, олар
менен дүзетуғын келисимим мы-
наў, – дейди Жаратқан Ийе, – Мен
Өз нызамымды олардың сана-се-
зимине орналастырып, жүрекле-
рине жазып қояман».[a]
17 Соңынан Ол қосымша қылып,
былай дейди:
«Олардың гүналарын ҳәм нызам-
сыз ислерин қайтып есиме алмай-
ман».[b]
18 Демек, гүналар кеширилген
болса, енди олар ушын қурбанлық
бериўдиң де кереги жоқ.

### Исенимде беккем турып, сабырлы болыңлар!

19 Сонлықтан ҳәй туўысқанла-
рым, Ийсаның қаны себепли аспан-
дағы Ең мухаддес бөлмеге кириўге
бизлерде батыллық бар. 20 Ол биз-
лерге Мухаддес шатырдағы перде
арқалы, яғный Өз денеси арқалы
сол Ең мухаддес бөлмеге кириўге
жаңа ҳәм тири жол ашып берди.
21 Усы Ийса – Қудайдың шаңара-
ғын басқаратуғын бизлердиң ул-
лы руўханийимиз. 22 Сол себептен
Оның қаны менен ҳүжданымыз
айыплаған ислерден жанымызды
тазалап ҳәм денемизди таза суў ме-
нен жуўып, толық исеним менен
шын жүректен Қудайға жақынла-
йық. 23 Өзлеримиз тән алған үмити-
мизди екиленбей беккем сақлайық.
Себеби ўәде берген Қудай садық.
24 Бир-биримизге ғамхор болып,
бир-биримизди сүйиспеншиликке
ҳәм жақсы ислер ислеўге руўхлан-
дырайық. 25 Айырым адамлардың
әдетке айландырғанындай, жый-
налысларымызды қалдырмайық.
Керисинше, Ийемиз келетуғын сол
күнниң жақынлағанын билип, бир-
биримизди еле де көбирек жигер-
лендирип барайық.
26 Өйткени егер бизлер ҳақыйқат-
ты билгенимизден соң да, биле тура
гүна ислеўди даўам етсек, онда ен-
ди гүналар ушын берилетуғын бас-
қа қурбанлық жоқ. 27 Тек ҳүкимди

---

a **10:16** Ерм 31:33.
b **10:17** Ерм 31:34.

ҳәм Қудайға қарсы болғанларды
жандырып жоқ қылатуғын лаўла-
ған отты қорқыныш пенен күтиў
ғана қалады. 28 Муўсаның Ныза-
мын тән алмай бузған адам еки
ямаса үш гүўаның гүўалығы ме-
нен аяўсыз түрде өлтирилетуғын
еди. 29 Енди бир ойланып көриң-
лер, Қудайдың Улын аяқ асты етип,
өзин мухаддес қылған қанды, яң-
ный келисимди бекиткен қанды
қәдирсиз көрген ҳәм Қудайдың
мийримли Руўхын масқаралаған
адам буннан да аўырырақ жазаға
ылайықлы болмай ма? 30 Себеби
бизлер «Өш алыў Мениң қолымда,
сазайын Өзим беремен»[a] ҳәм және
де «Жаратқан Ийе Өз халқын ҳү-
ким етеди»,[b] – деген Қудайды би-
лемиз. 31 Тири Қудайдың қолына
түсиў қаншелли қорқынышлы!
32 Ал сизлер өзлериңизге ҳа-
қыйқатлық нуры түскеннен соң,
азап-ақыретлерге толы гүреске
шыдаған дәслепки күнлериңизди
еске түсириңлер. 33 Гейбир ўақыт-
лары өзлериңиз ел-журт алдында
масқара етилип, жәбир шегету-
ғын едиңлер. Ал айырым ўақытла-
ры усындай аўҳалға түскенлердиң
ҳәсиретин бөлисетуғын едиңлер.
34 Сизлер исеним себепли қамақта
болғанлардың да дәртлерине ше-
рик болдыңлар. Өзлериңизди еле
де жақсырақ ҳәм мәңгиге бар бола-
туғын мал-мүлик күтип турғанын
билип, мал-мүлкиңиздиң талан-та-
раж қылыныўын қуўаныш пенен
қабыл еттиңлер. 35 Солай етип, усы
беккем исенимиңизди жойтпаңлар.
Өйткени ол ушын алатуғын сыйы-
ңыз үлкен. 36 Қудайдың қәлеўин
орынлап, ўәде етилгенди алыўы-
ңыз ушын, сизлерге сабырлылық
керек болады. 37 Себеби Қудай бир
пайғамбары арқалы былай деген:

«Енди аз-маз ўақыттан кейин,
Келетуғын тез арада келеди, Ол
кешикпейди.
38 Маған тийисли ҳақ адам
исеними менен жасайды,
Егер ол арқаға шегинсе, оған
кеўлим толмайды».[c]

39 Бизлер арқаға шегинип набыт
болатуғынлардан емеспиз. Ал, исе-
нип қутқарылатуғынларданбыз.

### Исеним ҳаққында

11 1 Исеним – бул үмит етил-
ген нәрселердиң әмелге
асатуғынына ҳәм көринбейтуғын
затлардың бар екенине гүман-
сыз исениў. 2 Ата-бабаларымыз
усындай исеними себепли, Қудай
тәрепинен хошаметленди. 3 Биз-
лер исенимимиз себепли, дүнья-
ның Қудайдың сөзи менен
жаратылғанын түсинемиз. Солай
етип, көринбейтуғын нәрселер-
ден көринетуғын нәрселер пайда
болған. 4 Исеними себепли, Абыл
Қудайға Каиннан гөре жақсырақ
қурбанлық берди. Ол исеними се-
бепли ҳақ адам деп саналып, Қудай
тәрепинен хошаметленди. Өйткени
Қудай оның берген садақаларын

---

a **10:30** Нзм 32:35.
b **10:30** Нзм 32:36.
c **10:37-38** Хаб 2:3-4.

қабыл еттиᵃ. Абыл өлген болса да,
оның исеним менен ислеген иси
еле үлги болып келмекте.
5 Исеними себепли, Энох өлим
көрмей-ақ жоқарыға алынды. Оны
ҳеш ким таба алмады, себеби Қудай
оны жоқарыға алған еди. Ол жоқа-
рыға алыныўға дейин оның Қудайға
унаған адам екени ҳаққында гүўа-
лық берилди[b]. 6 Исеним болмаса,
Қудайға унаў мүмкин емес. Өйт-
кени ким де ким Қудайға жақын-
ламақшы болса, Оның бар екенине
ҳәм Оның Өзин излегенлерди сый-
лықлайтуғынына исениўи тийис.
7 Исеними себепли, Нух еле бол-
маған нәрселер туўралы Қудай тә-
репинен ескертилгенде, Қудайдан
қорқып, шаңарағының қутқарылы-
ўы ушын, кеме соқты[c]. Бул арқалы
дүнья ҳүким етилди ҳәм Нух исе-
ними себепли ақланыўға еристи.
8 Ибрайым мүлик етип бериле-
туғын елге кетиў ушын шақырыл-
ғанда, исеними себепли Қудайдың
сөзине бойсынып, қай жерге кетип
баратырғанын билмесе де, жолға
шықты[d]. 9 Ибрайым ўәде етилген
елге орналасқанда, исеними себеп-
ли жат жерли адамдай болып жаса-
ды. Өзи менен бирдей ўәдеге шерик
болған Ысақ ҳәм Яқып пенен, ол ша-
тырларда өмир кеширди. 10 Себеби
ол дөретиўшиси де, қурыўшысы да
Қудай болған, беккем тийкарға ийе
қаланы күтетуғын еди.
11 Исеними себепли, Сараның нә-
силсиз болыўына ҳәм өзиниң жа-
сы өткенине қарамай, Ибрайым
әке болыў мүмкиншилигине ерис-
ти[e]. Өйткени ол ўәде еткен Қудай-
дың садық екенине исенди. 12 Солай
етип, бир адамнан, яғный қартайып
нәсилсизленип қалған Ибрайым-
нан аспандағы жулдызлар сыяқлы,
теңиз жағасындағы қум сыяқлы
есап-сансыз әўладлар пайда болды.
13 Алдын айтылған бул адам-
лардың ҳәммеси де өмирлериниң
ақырына дейин исенимин сақлап
қалды. Ўәде етилгенлерди алмаса
да, оларды узақтан көрип қуўанды.
Олар өзлериниң жер жүзинде жат
ҳәм қонақ адамлар екенин ашық
мойынлады. 14 Усылай сөйлеген
адамлар өз ўатанын излеп жүрге-
нин көрсетеди. 15 Егер олар өзле-
ри таслап кеткен елди ўатаным деп
ойлай бергенде, сол жерге қайтып
барыўға жол табар еди. 16 Бирақ,
олар жердеги ўатаннан да жақсы-
рағын, яғный аспандағы ўатанды
әрман ететуғын еди. Сол себептен
Қудай олардың Қудайы болыўға
арланбайды. Себеби Ол олар ушын
бир қала таярлап қойыпты.
17-18 Ибрайым сыналғанда[f], исе-
ними себепли улы Ысақты қурбан-
лыққа берди. Қудай Ибрайымға:
«Сениң урпағың Ысақ арқалы да-
ўам етеди»,[g] – деген ўәдени берген
болса да, ол жалғыз улын қурбан

---

[a] **11:4** Жар 4:2-5.
[b] **11:5** Жар 5:24.
[c] **11:7** Жар 6:13-22.
[d] **11:8** Жар 12:1.
[e] **11:11** Жар 21:1-2.
[f] **11:17-18** Жар 22:1-14.
[g] **11:17-18** Жар 21:12.

етпекши болды. **19** Өйткени Ибра-
йым Қудай өлилерди де тирилте
алады, деп ойлады. Астарлап айт-
қанда, ол Ысақты өлимнен қай-
тарып алды. **20** Исеними себепли,
Ысақ келешекте болатуғын нәр-
селерди болжап, уллары Яқып ҳәм
Эсаўға пәтиясын берди[a]. **21** Яқып
өлеринен алдын исеними себепли,
Юсуптиң еки улына бирме-бир пә-
тиясын берди ҳәм ҳасасының ушы-
на сүйенип, Қудайға сыйынды[b].
**22** Юсуп өлеринен алдын исени-
ми себепли, Израил балаларының
Мысырдан шығатуғынын болжап
айтты ҳәм оларға кетеринде өзиниң
сүйегин алып кетиўди буйырды[c].

**23** Муўса туўылғанда, ата-анасы
исеними себепли, оны үш ай жа-
сырып қойды. Себеби баланың су-
лыў екенин көрди ҳәм патшаның
пәрманынан қорқпады[d]. **24** Муўса
ержеткенде, исеними себепли, фа-
раонның[e] қызының баласы деп ата-
лыўдан ўаз кешти[f]. **25** Ол ўақытша
гүнакар өмирдиң кәйип-сапасын
сүриўдиң орнына, Қудайдың халқы
менен бирге жәбир шегиўди таңла-
ды. **26** Масийх себепли хорланыў-
ды Мысырдың ғәзийнелеринен де
уллырақ байлық деп санады. Өйт-
кени ол алажақ сыйын күтетуғын
еди. **27** Исеними себепли, ол патша-
ның қәҳәринен қорқпай, Мысыр-
ды таслап кетти[g]. Көринбейтуғын
Қудайды көргендей, ол мәрт еди.
**28** Набыт қылыўшы израиллылар-
дың туңғышларына қол тийгизбе-
син деп, Муўса исеними себепли,
Қутқарылыў байрамын өткериў-
ди ҳәм қанды себиўди буйырды[h].

**29** Исеними себепли, израиллы-
лар Қызыл теңизди қурғақ жерден
өткендей кесип өтти. Мысырлылар
да усылай ислемекши болып ҳә-
рекет еткенде, суўға батып кетти[i].

**30** Исеними себепли, израиллы-
лар Ерихо қаласының әтирапын
жети күн айланғанда, қала дий-
ўаллары қулады[j].

**31** Сонда исеними себепли, бузық
ҳаял Рахаб та Қудайға бойсынбай-
туғын адамлар менен бирге өлти-
рилмеди. Себеби ол жансызларды
жыллы жүзлилик пенен қабыл ал-
ған еди[k].

**32** Және не айтайын? Гидеон, Ба-
рақ, Самсон, Ифтах, Даўыт, Са-
муел ҳәм барлық пайғамбарлар
ҳаққында айтып отырыў ушын ўақ-
тым жетпейди. **33** Исеними себепли,
олар патшалықларды жеңди, әдил-
лик орнатты, ўәде етилген нәрсе-
лерди алды ҳәм арысланлардың

---

[a] **11:20** Жар 27:1-40.
[b] **11:21** Жар 48:15-16, 20.
[c] **11:22** Жар 50:24-25.
[d] **11:23** Шығ 2:1-2.
[e] **11:24** *Фараон* – әййемги Мысырда патша усылай аталған.
[f] **11:24** Шығ 2:10-15.
[g] **11:27** Шығ 12:31-41.
[h] **11:28** Шығ 12:21-23.
[i] **11:29** Шығ 14:28-29.
[j] **11:30** Ешу 6:19.
[k] **11:31** Ешу 6:21-24.

аўызларын тосып қойды. 34 Лаў-
лаған отты сөндирди, қылыш
жүзинен қашып қутылды. Ҳәлси-
регенде Қудайдан күш алды, са-
ўашта қүдиретли болды ҳәм жаў
әскерлерин қыйратты. 35 Исеними
себепли, ҳаяллар өз марҳумларын
тирилген ҳалда қайтарып алды.
Ал айырымлары еле де жақсырақ
тирилиўге ерисиў ушын, азатлық-
тан ўаз кешти ҳәм азапланып өл-
тирилди. 36 Жәнe гейбиреўлери
масқараланып, қамшы жеди, ҳәт-
те, шынжырлар менен байланып,
қамаққа салынды. 37 Тас боран қы-
лынды, пышқы менен кесилип еки-
ге бөлинди, қылыштан өткерилип
өлтирилди. Қой ҳәм ешкиниң те-
рилерин жамылып, сергиздан бо-
лып жүрди, жоқшылықта жасады,
қыйыншылықларға ушырады ҳәм
хорлық көрди. 38 Дүнья бул адам-
ларға ылайық емес еди! Олар шөл-
лерди, таўларды, үңгирлерди ҳәм
төлелерди гезип себил болды.

39 Олардың ҳәммеси де исеними
себепли Қудай тәрепинен хошамет-
ленген болса да, ўәде етилгенди ал-
мады. 40 Өйткени олар бизлер менен
бирге минсизликке ерисиўи ушын,
Қудай бизлерге буннан да жақсырақ
нәрсени таярлап қойыпты.

### Қудай Өзи сүйген адамын тәрбиялайды

**12** 1 Минекей, бизлерди қор-
шаған усындай көп санлы
гүўалар топары бар екен. Сонлық-
тан бизлер де кесент беретуғын ҳәр
бир жүкти ҳәм өзлеримизге тез жа-
бысатуғын гүнаны таслап, Қудай
алдымызға қойған жарыста шыдам-
лылық пенен жүўырайық. 2 Исени-
мимиздиң тийкарын салыўшы ҳәм
оны минсизликке еристириўши
Ийсаға көз тигейик. Ол Өзин күт-
ип турған қуўаныш ушын, атанақ
ағашта шегелениўдиң шермендеши-
лигин писент етпей өлимге барып,
Қудайдың тахтының оң жағына
отырды. 3 Гүнакарлардың усындай
қарсылықларына шыдаған Ийса-
ны ойлаңлар. Сонда ҳалдан тайып,
руўхый түскинликке түспейсизлер.
4 Сизлер гүнаға қарсы гүресте қаны-
ңыз төгилгенше гүрескен жоқсыз-ғо.
5 Қудайдың Өз улларына сөйлеген-
дей қылып, сизлерге айтқан мына
ақыл-нәсиятын умыттыңыз:

«Балам! Жаратқан Ийениң
тәрбиясына итибарсыз
қарама,
Ол әшкаралағанда жүрегиңе
аўыр алма.
6 Себеби Ол сүйген адамын
тәрбиялайды,
Улы қылып қабыл еткен ҳәр
бир адамын жазалайды».[a]

7 Тәрбияланыў ушын шегип атыр-
ған азапларыңызға шыдаңлар.
Қудай сизлерге Өз балаларындай
қатнас жасап атыр-ғо. Әкеси тәрепи-
нен тәрбияланбайтуғын ул бола ма?
8 Ҳәр бир адам алатуғын тәрбияны
алмай атырған болсаңыз, онда сиз-
лер ҳақыйқый уллар емес, ал некесиз
туўылған балаларсыз. 9 Сондай-ақ,
өзлеримизди тәрбиялаған дүньяда-
ғы әкелеримизди бизлер ҳүрмет етип
атырған екенбиз, онда руўхый Әке-
миз болған Қудайға еле де көбирек
бойсынып жасаўымыз керек емес

---

a **12:5-6** Ҳкм 3:11-12.

пе? 10 Әкелеримиз бизлерди өзлери
дурыс деп ойлаған жол бойынша
қысқа ўақыт ишинде тәрбиялады.
Бирақ Қудай Оның мухаддеслигине
шерик болыўымыз ушын, бизлер-
диң пайдамызды ойлап тәрбиялай-
ды. 11 Тәрбиялаў ушын берилген ҳәр
бир жаза ўақтында қуўаныш емес, ал
қапагершилик алып келеди. Бирақ
кейин ала ол усылай тәрбияланған
адамларға тынышлық бериўши ҳақ-
лық алып келеди.
12 Солай етип, түскен еңсеңиз-
ди көтерип, аяқларыңызда тик
турыңлар. 13 Араңызда исеними
ақсағанлар жаман жолға түспей
туўрыланыўы ушын, дүзиў жол
менен жүриңлер.

### Қудайға қулақ аспай кетпеңлер!

14 Ҳәмме менен татыў болып
жасаўға ҳәм мухаддес болыў-
ға тырысыңлар. Мухаддеслик-
ке ийе болмай турып, ҳеш ким
де Жаратқан Ийени көрмейди.
15 Араңыздағы ҳеш бириңиздиң
Қудайдың мийриминен айырылып
қалмаўы ушын ҳәм араңызда сиз-
лерге зыян тийгизип, көплерди зә-
ҳәрлейтуғын ашшы тамыр көгерип
шықпаўы ушын,[a] бир-бириңизге
жақсылап қараңлар. 16 Ишиңизде
ҳеш ким бузықшылық ислемесин
ямаса туңғышлық ҳуқықын бир
аўқат ушын сатқан Эсаў сыяқлы
қудайсыз болмасын[b]. 17 Хабарыңыз
бар, Эсаў соңынан әкесиниң пәтия-
сын алыўды қәлегенде, тилеги қа-
был етилмеди. Ол көз жасларын
төгип жалбарынса да, өзи ислеп
қойған исти өзгерте алмады[c].
18 Сизлер жақынлаған таў – көзге
көринетуғын, лаўлап жанған, қа-
раңғылық пенен түнекке шөккен,
даўыл басқан, 19 кәрнай сести ҳәм
Қудайдың сөзи жаңлаған Синай
таўы емес. Қудайдың сол даўысын
еситкенлер, Қудайдың өзлерине
қайта сөйлемеўин сорап жалба-
рынған еди. 20 Өйткени олар: «Егер
таўға, ҳәтте, малдың туяғы тийсе де,
тас боран қылып өлтирилсин»,[d] –
деген буйрықтан қорқып, шыдай
алмады. 21 Бул көринис соншел-
ли қорқынышлы болғанлықтан,
Муўса да: «Жүдә қорқып, дирилдеп
баратырман»,[e] – деген еди. 22 Би-
рақ сизлер Сион таўына, яғный
тири Қудайдың қаласы – аспанда-
ғы Ерусалимге, ондағы мың-мың-
лаған периштелердиң қуўанышлы
жыйынына 23 ҳәм атлары аспанда
жазылған, Қудайдың туңғыш ба-
лалары сыяқлы болған биринши
исениўшилер жыйнағына жақын-
ладыңлар. Сизлер және де ҳәмме
адамды ҳүким етиўши Қудайға,
минсизликке ерискен ҳақ адам-
лардың руўхларына, 24 жаңа кели-
симниң тәўеллешиси Ийсаға ҳәм
Абылдың қанынан[f] да артық бол-
ған Ийсаның кеширим беретуғын
себилген қанына жақынладыңлар.

---

[a] **12:15** Нзм 29:18.
[b] **12:16** Жар 25:29-34.
[c] **12:17** Жар 27:30-40.
[d] **12:20** Шығ 19:12-13.
[e] **12:21** Нзм 9:19.
[f] **12:24** Жар 4:10.

25 Абайлы болыңлар, сөйлеп тур-
ған Қудайға қулақ аспай кетпеңлер.
Оның тапсырмасы менен жер бе-
тинде сөйлеген Муусӑға қулақ аспа-
ған Израил халқы жазадан қашып
қутыла алмаған еди. Егер бизлер де
аспаннан өзлеримизге сөйлеп тур-
ған Қудайға қулақ аспасақ, буннан
да аўырырақ жазадан қалай қашып
қутыла аламыз? 26 Қудай Синай та-
ўында сөйлегенде, Оның даўысы
жерди силкиндирип жиберген еди[a].
Ол тағы да: «Және бир мәртебе тек
жерди емес, ал аспанды да силкин-
диремен»,[b] – деп ўәде берген еди.
27 «Және бир мәртебе» деген сөз-
лер қозғалмайтуғын нәрселердиң
мәңгиге қалыўы ушын, қозғалату-
ғын нәрселердиң, яғный жаратыл-
ған нәрселердиң жоқ болатуғынын
аңлатады. 28 Солай етип, бизлер
қозғалмайтуғын патшалыққа ерис-
кенимиз ушын шүкирлик билдирип,
Қудайға унамлы түрде, Оған ҳүрмет
ҳәм қорқыныш пенен сыйынайық.
29 Себеби бизиң Қудайымыз – жан-
дырып жоқ қылатуғын от[c].

### Соңғы ақыл-нәсиятлар

**13** 1 Бир-бириңизди туўысқан-
ларша сүйиўди даўам етиңлер.
2 Миймандослықты умытпаңлар.
Өйткени айырымлар усылай ислеп,
өзлери билмей, периштелерди қо-
нақ қылған. 3 Қамақта болғанларды
өзлериңиз олар менен бирге тутқын
болғандай есте тутыңлар. Және де,
азап шегип атырғанларды да өзле-
риңиз азап шегип атырғандай яды-
ңыздан шығарманңлар. 4 Ҳәммеңиз
некеге ҳүрмет пенен қараңлар. Не-
кеңиздиң төсеги гүна менен былған-
басын. Себеби Қудай бузықшылық
ислегенлерди ҳәм неке ҳадаллығын
бузғанларды ҳүким етеди. 5 Ақша-
ны сүйиўден аўлақ болып жасаңлар.
Өзлериңизде барға қанаат етиңлер.
Өйткени Қудай былай деген:
«Сени ҳеш қашан таслап кетпей-
мен, ҳеш қашан қалдырмайман».[d]
6 Сонлықтан бизлер батырлық пе-
нен былай деймиз:

«Жаратқан Ийе маған жәрдем
береди, мен қорқпайман,
Не қыла алады адамлар
маған?»[e]

7 Сизлерге Қудайдың сөзин
айтқан жетекшилериңизди еске
түсириңлер. Олардың қалай жа-
сағанына ҳәм өмириниң ақыры
қандай болғанына қарап, олар-
дың исениминен өрнек алыңлар.
8 Ийса Масийх кеше, бүгин ҳәм
мәңгиликке бирдей. 9 Ҳәр түрли
жат тәлиматларға берилип, азғы-
рылмаңлар. Жүректиң аўқатқа бай-
ланыслы қағыйдаларды орынлаў
менен емес, ал Қудайдың мийрими
менен беккемленгени жақсы. Бун-
дай қағыйдаларды орынлаўшылар
ҳеш қандай пайда көрмеди.

10 Бизлердиң қурбанлық орны-
мыз бар. Мухаддес шатырда хыз-
мет ететуғын руўханийлердиң сол

---

a **12:26** Шығ 19:18-20.
b **12:26** Хаг 2:6, 21.
c **12:29** Нзм 4:24.
d **13:5** Нзм 31:6, 8; Жар 28:15; Ешу 1:5.
e **13:6** Заб 117:6.

қурбанлықтан жеўге ҳақысы жоқ.
11 Бас руўханий гүна ушын қурбан-
лыққа берилген маллардың қанын
Ең мухаддес бөлмеге апарады. Ал
шалынған маллардың денеси ор-
даның сыртында өртеп жибери-
ледиᵃ. 12 Сол сыяқлы Ийса да Өз
қаны менен адамларды мухаддес
қылыў ушын, қала дәрўазасының
сыртында азап шекти. 13 Олай бол-
са, бизлер де Оның көрген хорлы-
ғын бөлисиўимиз ушын, елаттың
сыртына шығып, Оған барайық.
14 Себеби бул жерде бизлердиң мәң-
гилик қаламыз жоқ. Бизлер келе-
шекте аспаннан түсетуғын қаланы
әрман етемиз.

15 Сонлықтан Ийса арқалы
Қудайға үзликсиз мақтаўларымыз-
ды қурбанлық сыпатында усына-
йық. Яғный, Оның атына деген
алғысларымыз аўзымыздан түс-
песин. 16 Жақсылық ислеўди ҳәм
өзлериңизде болған нәрсени басқа-
лар менен бөлисиўди умытпаңлар.
Өйткени бундай қурбанлықлар
Қудайға унайды.

17 Жетекшилериңиздиң сөзле-
рин тыңлаңлар ҳәм оларға бойсы-
ныңлар. Себеби олар сизлер ушын
Қудайға есап беретуғын адамлар
болғанлықтан, жанларыңызды қа-
раўыллайды. Олар бул хызметин
қуўаныш пенен, налымай атқарыў
ушын, оларға қулақ асыңлар. Бол-
маса, өзлериңиз зыян көресизлер.

18 Бизлер ушын дуўа етиңлер.
Бизлер өзлеримиздиң пәк ҳүжданға
ийе екенимизге ҳәм ҳәр тәрепleме
ҳадал өмир сүриўди қәлейтуғыны-
мызға исенемиз. 19 Әсиресе жаны-
ңызға тез қайтып барыўым ушын
дуўа етиўиңизди өтиниш етемен.

### Соңғы сәлемнама ҳәм тилеклер

20 Өз қанын төгип, мәңгилик ке-
лисимди бекитиўи арқалы қой-
лардың уллы Шопаны болған
Ийемиз Ийсаны тынышлық бе-
риўши Қудай өлимнен тирилтти.
21 Усы Қудай Оның еркин орын-
лаўыңыз ушын, сизлерге ҳәр бир
жақсы нәрсени жеткизсин. Өзи-
не унайтуғын нәрсени Ол Ийса
Масийх арқалы бизлерде әмелге
асырсын. Масийхқа мәңги-бақый
даңқ болсын! Аўмийин.

22 Туўысқанларым, сизлерге өти-
ниш етемен, усы нәсият сөзлерим-
ди қабыл етиңлер. Өйткени мен
сизлерге қысқаша жаздым. 23 Ту-
ўысқанымыз Тимофейдиң азат
етилгенин билиўиңизди қәлей-
мен. Ол жақын арада жаныма келсе,
оның менен бирге сизлерди көриўге
бараман. 24 Жетекшилериңиздиң
ҳәммесине ҳәм пүткил мухаддес-
лерге сәлем айтыңлар. Италиядан
келгенлер сизлерге сәлем айтып
атыр. 25 Қудайдың мийрими ҳәм-
меңизге яр болсын!

---

[a] **13:11** Леб 4:11-12; 6:30; 16:27.

# Юханға Қудай тәрепинен көрсетилген Аян

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Бул китапта Юхан көрген аян сөз етиледи. Бул аян ақырзаман ҳаққында. Юхан аян көргенде, Эгей теңизиниң Патмос атаўында сүргинде еди. Патмос атаўы ҳәзирги Туркияның Эфес қаласының қубла-батыс тәрепинен 100 шақырым қашықлықта жайласқан. Сол жерде Қудай оған аян көрсетип, Азия үлкесиндеги (ҳәзирги Туркияның батыс бөлеги) исениўши жети жәмәәтке қарата хатлар жаздырды. Бирақ, Қудай бул сөзлерди тек усы жети жәмәәтке емес, ал дүнья жүзиндеги барлық исениўши жәмәәтлерге айтты, деп түсиниў керек.

Аян китабының ең баслы мәниси мынадан ибарат: Қудай Ийса Масийх ҳаққындағы хабарды ашып, қуўғын астында қалған масийхыйларға үмит береди. Юхан қуўғынға дуўшар болған туўысқанларын исенимде беккем турыўға шақырады. Олардың итибарын ақырзаманға қаратады. Ақырзаманда Қудай шайтан үстинен жеңиске ериседи. Ийса Масийх аспаннан түсип, барлық қудайсызларды ҳүким қылады ҳәм Өзиниң мәңги патшалығын орнатады. Сонда исенимде ақырына шекем беккем турған туўысқанлар қутқарылады ҳәм мәңги бахытлы өмирге ийе болады. Рим империясының зулымлығы астында қалған масийхыйлар бул китапты оқып, Қудайға садық қалатуғын еди.

Бул китап Қудайдың шексиз қүдиретин ҳәм ақыреттеги әдил ҳүкимин сүўретлеп береди. Мысалы ушын, аспандағы тахт, мөрленген орама қағаз ҳәм Қозы ҳаққындағы аянлар Қудайдың ҳәм Ийса Масийхтың шексиз ҳүкимдарлығын көрсетеди. Жети мөр, жети кәрнай ҳәм ғәзеп кеселери ҳаққындағы аян болса ақыретте Қудайдың ҳүкимин ҳәм жер жүзине төгетуғын ғәзебин сүўретлейди.

Китаптың ақырында Қудайға садық болған исениўшилердиң жаңа аспан ҳәм жаңа жерди мийрас етип алып, Қудайдың Патшалығына киретуғыны ҳаққында сөз етиледи.

### Китаптың мазмуны

**1** 1 Бул – тез арада жүз бериўи керек
болған ўақыяларды Өз хызмет-
шилерине билдириў ушын Қудайдың
Ийса Масийхқа берген аяны. Ал Ол
Өз периштесин жиберип, бул аян-
ды хызметшиси Юханға билдирди.
2 Юхан Қудайдың сөзин ҳәм Ийса
Масийхтың гүўалығын, яғный өзи
көрген нәрселериниң ҳәммесин баян
етти. 3 Бул пайғамбаршылық сөзлер-
ди оқыйтуғын ҳәм бул жерде жазыл-
ғанларды тыңлап, орынлайтуғынлар
қандай бахытлы! Себеби бул ўақы-
ялардың болатуғын ўақты жақын.

### Исениўши жети жәмәәтке сәлемнама

4-5 Мен, Юханнан, Азия үлкесинде-
ги жети жәмәәтке сәлем! Ҳәзир бар,
бурыннан бар болған ҳәм келешек-
те келетуғын Қудайдан, Оның тахты
алдында турған жети руўхтан, исе-
нимли гүўа болған, өлилер арасы-
нан биринши болып тирилген ҳәм
жер жүзи патшаларының Ҳүкимда-
ры болған Ийса Масийхтан мийрим
ҳәм тынышлық сизлерге берилсин!
Ол бизлерди сүйип, Өз қаны ме-
нен гүналарымыздан азат етти
6 ҳәм бизлерди Өз Патшалығына
еристирип, Әкеси Қудайдың хыз-
метиндеги руўханийлер қылды.
Мәңги-бақый уллылық ҳәм қүди-
рет Ийса Масийхтики болсын!
Аўмийин.
7 «Мине, Ол бултлар менен
келмекте![a]
Ҳәр бир көз Оны көреди,
Оның денесин тескенлер де
көреди.
Жер жүзиниң барлық
халықлары,
Ол себепли өкирип жылайды».[b]
Аўа, усылай болады, аўмийин.
8 Ҳәзир бар, бурыннан бар болған
ҳәм келешекте келетуғын Қудай,
Қүдирети күшли Қудай Ийе бы-
лай дейди: «Мен – Альфа ҳәм Оме-
гаман[c]».

### Масийхтың буйрығы

9 Мен, Ийсаның қайғы-ҳәсире-
тине, патшалығына ҳәм сабыр-
лылығына сизлер менен бирге
шерик болған туўысқаныңыз Юхан,
Қудайдың сөзи ушын ҳәм Ийса
ҳаққында жәриялағаным себеп-
ли Патмос атаўына сүргин етилген
едим. 10 Ийемиздиң күнинде[d], мени
Мухаддес Руўх басқарып турғанда,
арқамнан кәрнайдың даўысына уқ-
саған бәлент бир даўысты еситтим.
11 Бул даўыс:* «Көрип турғанла-
рыңды китапқа жаз ҳәм жети жәмә-
әтке, яғный Эфес, Смирна[e], Пергам,
Тиатира, Сардис, Филадельфия ҳәм
Лаодикияға жибер», – деди.
12 Маған сөйлеп атырғанды көриў
ушын, арқама бурылдым. Буры-
лып, жети алтын шыра қойғышты

---

[a] **1:7** Дан 7:13.
[b] **1:7** Зхр 12:10.
[c] **1:8** *Альфа ҳәм Омега* – грек әлипбесиниң биринши ҳәм соңғы ҳәриплери.
[d] **1:10** *Ийемиздиң күни* – екшемби күни. Ийемиз Ийса усы күни өлимнен қайта тирилген еди.
[e] **1:11** *Смирна* – ҳәзирги аты Измир.

көрдим. 13 Олардың ортасында үс-
тине узынлығы аяғына түсетуғын
кийим кийген, көкирегине алтын
өңирше байлаған Адам Улына уқ-
саған Биреў тур еди.[a] 14 Оның ба-
сы ҳәм шашлары ақ жүн сыяқлы,
қардай аппақ еди. Көзлери бол-
са, оттың жалынындай жарқырап
турған еди. 15 Оның аяқлары пеш-
те қыздырылған жылтырақ қолаға
уқсаған болып, даўысы сарқырап
аққан суўдың сестиндей еди. 16 Оң
қолында жети жулдыз бар болып,
аўзынан еки жүзли өткир қылыш
шығып турған еди. Жүзи күшли
жарқырап турған қуяштай еди.

17 Мен Оны көриўден-ақ, өли сы-
яқлы аяқларына жығылдым. Ал
Ол оң қолын үстиме қойып, бы-
лай деди:

– Қорқпа! Мен – Биринши ҳәм
Соңғыман.

18 Мен тиримен. Өлген едим, би-
рақ, мине, мәңги-бақый тиримен.
Өлимниң ҳәм өлилер мәканының
гилтлери Менде.

19 Сонлықтан көргенлериңди, ҳә-
зир жүз берип атырған нәрселерди
ҳәм бunнан соң болатуғынларды
жаз. 20 Оң қолымда сен көрген жети
жулдыздың ҳәм жети алтын шыра
қойғыштың сыры мынаў: жети жул-
дыз – жети жәмәәттиң периштелери,
жети шыра қойғыш – жети жәмәәт.

### Эфес жәмәәтине

2 1 – Эфес жәмәәтиниң периш-
тесине жаз.

Оң қолына жети жулдыз усла-
ған, жети алтын шыра қойғыш-
тың ортасында жүретуғын былай
дейди: 2 «Сениң ислериңди, аўыр
мийнетиңди ҳәм сабырлылығың-
ды билемен. Жаман адамлардың
жаманлық ислеўине жол қоймай-
туғыныңды да билемен. Елши емес
болып турып, өзлерин елши деп
атағанларды сынадың ҳәм олар-
дың өтирикши екенин билип ал-
дың. 3 Аўа, сен сабырлысаң. Мениң
атым ушын қыйыншылықларға
шыдам бердиң ҳәм шаршамадың.

4 Бирақ, саған бир қарсылы-
ғым бар: сен биринши исенген
ўақтыңдағы сүйиспеншилигиң-
ди жойттың. 5 Солай етип, не нәр-
седе алжасқаныңды есиңе түсир!
Тәўбе қылып, дәслепки ислериң-
ди даўам ет. Егер тәўбе қылмасаң,
саған келип, шыра қойғышыңды
орнынан алып таслайман. 6 Деген
менен, сенде бир унамлы қәсийет
бар: сен Николас уйымының ис-
лерин жек көресең. Оларды Мен
де жек көремен.

7 Қулағы бар адам Мухаддес Рууҳ-
тың жәмәәтлерге айтып атырған
сөзлерин еситсин. Жеңип шыққан-
ға Қудайдың жәннетиндеги өмир
терегиниң мийўесин жеў ҳуқықын
беремен».

### Смирна жәмәәтине

8 – Смирна жәмәәтиниң периш-
тесине жаз.

Өлип, өлимнен қайта тирилген,
Биринши ҳәм Соңғы болған былай
дейди: 9 «Сениң* қайғы-ҳәсире-
тиңди ҳәм кәмбағаллығыңды би-
лемен. Бирақ, сен байсаң. Өзлерин
яҳудийлермиз дейтуғынлардың се-
ни масқаралап айтқан сөзлерин де

---

[a] **1:13** Дан 7:13.

билемен. Бирақ олар яҳудий емес,
ал шайтан жыйыны. 10 Басыңа түсе-
туғын қыйыншылықлардан қорқ-
па! Мине, шайтан сизлерди сынаў
ушын араңыздағы базыларыңыз-
ды қамаққа таслайды. Он күн азап
шегесизлер. Өлиўге туўра келсе де,
Маған садық қал, сонда Мен саған
өмир тажын беремен.

11 Қулағы бар адам Мухаддес
Руўхтың жәмәәтлерге айтып атыр-
ған сөзлерин еситсин. Жеңип шық-
қан екинши өлимнен ҳеш қандай
зәлел көрмейди».

## Пергам жәмәәтине

12 – Пергам жәмәәтиниң периш-
тесине жаз.

Еки жүзли өткир қылышқа ийе
болған былай дейди: 13 «Шайтан-
ның тахты турған жерде жасайту-
ғыныңды* билемен. Атыма садық
екениңди де билемен. Ҳәтте, садық
гүўам Антипа араңызда, шайтан
отырған жерде өлтирилген күн-
лерде де сен Маған деген исени-
миңнен қайтпадың.

14 Бирақ, саған бираз қарсылы-
ғым бар: араңызда Билам тәли-
матын тутыўшылар бар. Бутларға
шалынған қурбанлық гөшин жеўге
ҳәм бузықшылық қылыўға үйретиў
ушын, Билам Балақты Израил хал-
қын жолдан урыўға үгитлеген еди[a].
15 Сол сыяқлы, сизлердиң араңыз-
да Николас уйымының тәлиматын
тутыўшылар да бар. 16 Бул ушын
тәўбе қыл! Болмаса, тез жаныңа
келип, оларға қарсы аўзымдағы
қылыш пенен урысаман.

17 Қулағы бар адам Мухаддес
Руўхтың жәмәәтлерге айтып атыр-
ған сөзлерин еситсин. Жеңип шық-
қанға сырлы манна[b] менен бир ақ
тас беремен. Бул тастың үстине жа-
ңа ат жазылған. Атты тасты алған
адамнан басқа ҳеш ким билмейди».

## Тиатира жәмәәтине

18 – Тиатира жәмәәтиниң периш-
тесине жаз.

Көзлери лаўлап жанған отқа,
аяқлары жылтыраған қолаға уқ-
саған Қудайдың Улы былай дейди:
19 «Сениң ислериңди, сүйиспенши-
лигиңди, исенимиңди, хызметиң-
ди ҳәм сабырлылығыңды билемен.
Соңғы ислериңниң биринши исен-
ген ўақтыңдағы ислериңнен көби-
рек екенин де билемен.

20 Деген менен, саған бир қар-
сылығым бар: өзин пайғамбар деп
атаған Изабел атлы ҳаялға шыдап
атырсаң. Бул ҳаял хызметшиле-
римди жолдан урып, бузықшылық
ислеўге ҳәм бутларға шалынған
қурбанлық гөшин жеўге үйретпек-
те. 21 Тәўбе етиўи ушын оған мәўлет
берген едим. Бирақ ол бузықшылы-
ғы ушын тәўбе етиўди қәлемейди.
22 Мине, Мен оны кеселлик төсеги-
не қулатаман. Оның менен бузық-
шылық ислейтуғынларды да оның
менен бирге ислеген жаман ислери
ушын тәўбе етпесе, үлкен қайғы-
ҳәсиретке дуўшар етемен. 23 Оның
изине ергенлерди де өлимге дуўшар

---

[a] **2:14** Сан 31:16.
[b] **2:17** *Манна* – Израил халқы Мысырдан шығып шөлде жүргенде, Қудай ас-
паннан берген азық. Шығ 16:4-5.

етемен. Сонда пүткил жәмәәтлер
Мениң кеўил ҳәм жүреклерди сы-
наўшы екенимди билип алады. Ҳәр
бириңизге ислериңизге қарай қай-
тараман. 24-25 Бирақ, Тиатирадағы
басқаларға, яғный сол ҳаялдың
тәлиматын тутпай, „шайтанның
тәлиматының терең сырларын“ үй-
ренбеген сизлерге айтатуғыным
мынаў: „Мен келемен дегенше, өз-
лериңизде бар болғанларға беккем
болыңлар“. Сизлерге буннан басқа
аўырманлық салмайман.
26 Жеңип шығып, Мениң буйыр-
ғанларымды ақырына дейин орын-
лағанға миллетлер үстинен бийлик
беремен.
27 „Ол оларды темир таяқ пенен
басқарып,
Ылай ыдыс сыяқлы сындырып
таслайды“.[a]
Әкемнен Мен алған усындай бий-
ликти ол да алады. 28 Жеңип шық-
қанға таң жулдызын да беремен.
29 Қулағы бар адам Мухаддес Руўх-
тың жәмәәтлерге айтып атырған
сөзлерин еситсин».

## Сардис жәмәәтине

3 1 – Сардис жәмәәтиниң периш-
тесине жаз.
Қудайдың жети руўхына ҳәм же-
ти жулдызына ийе болған былай
дейди: «Сениң ислериңди биле-
мен. Тири жәмәәт деген атың бар,
бирақ сен өлисең. 2 Сергек бол!
Еле өлмей қалған, енди өлейин
деп атырғанларды беккемле. Се-
беби Қудайымның алдында сениң
ислериңниң жеткиликсиз екенли-
гин көрдим. 3 Сонлықтан өзиң қа-
был алып еситкен тәлиматыңды
есиңе түсир. Оны тутынып, тәў-
бе ет! Егер сергек болмасаң, Мен
уры сыяқлы күтилмегенде келе-
мен. Мениң қашан келетуғыным-
ды билмей де қаласаң.
4 Бирақ Сардисте, сизлердиң ара-
ңызда кийимлерин кирлетпеген
айырым адамлар бар. Олар ақ ки-
йим кийип, Мениң менен бирге
жүреди. Өйткени олар усыған ыла-
йықлы. 5 Жеңип шыққан усындай
ақ кийим кийеди. Бундай адам-
ның атын Өмир китабынан[b] ҳеш
қашан өширмеймен. Әкемниң ҳәм
Оның periштелериниң алдында
бул адамның атын ашық тән ала-
ман. 6 Қулағы бар адам Мухаддес
Руўхтың жәмәәтлерге айтып атыр-
ған сөзлерин еситсин».

## Филадельфия жәмәәтине

7 – Филадельфия жәмәәтиниң
периштесине жаз.
Мухаддес ҳәм ҳақыйқат болған,
Даўыттың гилтине ийе, Ол ашса
ҳеш ким жаба алмайтуғын, жапса,
ҳеш ким аша алмайтуғын былай
дейди: 8 «Сениң ислериңди биле-
мен. Мине, сениң алдыңа ҳеш ким
жаба алмайтуғын ашық бир қапы
қойдым. Күшиң аз болса да сөзим-
ди орынлап, атымнан ўаз кешпедиң.
9 Қара, шайтанның жыйынынан
болғанларды, өзлерин яҳудиймиз
деп атап, бирақ яҳудий болмаған
өтирикшилерди саған тапсыраман.

---

[a] **2:27** Заб 2:9.
[b] **3:5** *Өмир китабы* – мәңгилик өмирге ийе болғанлардың атлары жазылған Қудайдың китабы.

Оларды саған келиўге ҳәм сениң
аяғыңа бас урыўға мәжбүр етип,
оларға Мениң сени сүйетуғыным-
ды көрсетемен. 10 Сабырлылық
пенен шыда деген буйрығымды
орынлағаның ушын, жер жүзинде
жасайтуғынларды сынаў мақсети
менен пүткил дүнья жүзине келе-
туғын сынақ ўақтынан Мен де се-
ни сақлайман.

11 Мен жылдам келемен. Тажың-
ды ҳеш ким алып қоймаўы ушын,
өзиңде бар нәрсеге беккем бол.
12 Жеңип шыққанды Қудайым-
ның Ибадатханасының сүтини қы-
ламан. Сол адам ол жерден ҳеш
қашан шықпайды. Оның үстине
Қудайымның атын, Қудайымның
қаласының атын, яғный аспаннан,
Қудайдың жанынан түсетуғын жа-
ңа Ерусалимниң атын ҳәм Өзимниң
жаңа атымды жазаман. 13 Қулағы
бар адам Мухаддес Руўхтың жә-
мәәтлерге айтып атырған сөзле-
рин еситсин».

### Лаодикия жәмәәтине

14 – Лаодикия жәмәәтиниң пе-
риштесине жаз.

Аўмийин деп аталған, садық ҳәм
ҳақыйқый гүўа, Қудайдың жарат-
қанларының Тийкары былай дейди:
15 «Сениң ислериңди билемен. Сен
я суўық, я ыссы емессең. Қәне енди,
я суўық, я ыссы болсаң! 16 Сен ыссы
да, суўық та емес, ал жыллы болға-
ның ушын, сени қусып жиберемен.
17 Байман, байыдым, ҳеш нәрсеге
мүтәж емеспен, дейсең. Бирақ өзиң-
ниң бахытсыз, аянышлы, жарлы,
соқыр ҳәм жалаңаш екенлигиңди
билмейсең. 18 Сонлықтан Мениң
саған айтатуғын мәсләҳәтим мы-
наў: бай болыўың ушын, Меннен
отта тазаланған алтын, жалаңаш-
лығыңның айыбы көринбеў ушын
ақ кийимлер, көриўиң ушын көз-
лериңе сүртетуғын дәри сатып ал.

19 Мен сүйгенлеримниң ҳәмме-
син әшкара етип, тәрбиялайман.
Сол себепли инталы болып, тәў-
бе ет. 20 Мине, Мен қапы алдын-
да қағып турман. Егер ким де ким
даўысымды еситип, қапыны ашса,
оның үйине киремен. Мен оның
менен, ол Мениң менен бирге аў-
қат жеймиз.

21 Мен жеңип шығып, Әкем менен
бирге Оның тахтына отырғаным-
дай, жеңип шыққанға да Мениң
менен бирге тахтыма отырыў ҳу-
қықын беремен. 22 Қулағы бар адам
Мухаддес Руўхтың жәмәәтлерге
айтып атырған сөзлерин еситсин».

### Аспандағы тахт

4 1 Буннан соң, аспанда ашық тур-
ған бир қапыны көрдим. Мен
бурын еситкен даўыс, яғный кәрнай
сестине уқсаған сес маған былай де-
ди: «Бул жерге көтерил! Мен саған
буннан соң болыўы тийис ўақыялар-
ды көрсетемен». 2 Сонда мен дәрҳал
Мухаддес Руўхқа толып, аспанда
бир тахтты ҳәм онда Отырғанды[a]
көрдим. 3 Тахтта Отырғанның көри-
ниси яспис, сердолик сыяқлы ҳасыл
таслардай жарқырап, ал тахттың
әтирапын жарқыраған ҳасыл зүм-
рет тасы сыяқлы айкулақ қоршап
турған еди. 4 Тахттың дөгерегин-
де басқа жигирма төрт тахт болып,

---

a **4:2** *Отырған* – Қудай.

бул тахтларда ақ кийимли, басла-
рына алтын таж кийген жигирма
төрт ақсақал отырған еди. 5 Тахттан
шақмақ шағып, гүрсилдеген даўыс
шығып, гүлдирмаманың гүркирege-
ни еситилип турған еди. Ал тахттың
алдында жети шыра жанып турған
еди. Бул – Қудайдың жети руўхы.
6 Және тахттың алдында кристалл
сыяқлы шийше теңиз бар еди.

Тахттың төрт тәрепинде, яғ-
ный дөгерегинде алды-арты көз-
ге толған төрт мақлуқ турған еди.
7 Олардың биринշиси арысланға,
екиншиси танаға уқсаған еди. Ал
үшиншисиниң жүзи адамның тү-
риндей, төртиншиси ушып бара-
тырған бүркит сыяқлы еди. 8 Хәр
бириниң алты қанаты болып, қа-
натларының иши-сырты толған көз
еди. Олар күни-түни тоқтамастан:

«Бар болған, ҳәзир бар,
Келешекте келетуғын,
Қүдирети күшли Қудай Ийе,
Мухаддес, мухаддес,
мухаддес!» – дейди.

9 Төрт мақлуқ мәңги-бақый жа-
сайтуғын тахтта Отырғанды ул-
лылап, Оған ҳүрмет көрсетип
шүкирлик билдирген сайын, 10 жи-
гирма төрт ақсақал тахтта отыр-
ған мәңги-бақый Жасайтуғынның
алдына жығылып, Оған табынды.
Олар тажларын тахттың алдына
қойып былай деди:

11 «Ийемиз ҳәм Қудайымыз!
Сен даңқ, ҳүрмет ҳәм қүдиретти
алыўға ылайықлысаң.
Себеби ҳәмме нәрсени Сен
жаратқансаң.
Ҳәммеси Сениң еркиң менен
жаратылды ҳәм бар
болды».

### Мөрленген орама қағаз ҳәм Қозы

5 1 Сонда тахтта Отырғанның оң
қолында иши-сырты жазылған,
жети мөр басылып бекитилген бир
орама қағазды көрдим. 2 Және мен
бәлент даўыс пенен жәриялап бақыр-
ған бир күшли периштени де көрдим.
Ол жар салып: «Ким бекитилген мөр-
лерди бузып, орама қағазды ашыўға
ылайықлы?» – деди. 3 Бирақ аспанда
да, жерде де, жердиң астында да ора-
ма қағазды ашып, оның ишине қа-
раўға ылайықлы ҳеш ким болмады.
4 Орама қағазды ашып, оның ишине
қараўға ылайықлы ҳеш ким табыл-
маганлықтан, мен қатты жыладым.
5 Сонда ақсақаллардың бири маған:
– Жылама! Қара, Яҳуда урыўы-
нан шыққан Арыслан[a], Даўыттың
Тамыры[b] жеңип шықты! Ол беки-
тилген жети мөрди бузып, орама
қағазды аша алады, – деди.

6 Сол ўақытта мен тахт пенен төрт
мақлуқтың ортасында, ақсақал-
лардың арасында баўызланғанға
уқсаған бир Қозыны[c] көрдим.

Қозының жети мүйизи ҳәм жети
көзи бар еди. Бул көзлер – Қудай-
дың пүткил жер жүзине жиберген
жети руўхы. 7 Қозы жақынлап ба-
рып, тахтта Отырғанның оң қолы-
нан орама қағазды алды.

---

a **5:5** Жар 49:9-10.
b **5:5** Ийш 11:1, 10.
c **5:6** *Қозы* – пүткил адамзат ушын қурбан болған Ийса Масийхтың тымсалы.

8 Қозы орама қағазды алғанда,
төрт мақлуқ ҳәм жигирма төрт ақ-
сақал Оның аяғына жығылды. Ҳәр
бириниң қолында арфа ҳәм түтет-
киге толы алтын тостағанлар бар
еди. Бул түтеткилер мухаддеслер-
диң[a] дууаларын билдиреди. 9 Олар
жаңа алғыслаў қосығын айтып бы-
лай деди:

«Сен орама қағазды алыўға
ҳәм бекитилген
мөрлерди бузып ашыўға
ылайықлысаң!
Өйткени Сен Өзиңди қурбан
еттиң ҳәм ҳәр бир урыў, тил,
Халық ҳәм миллеттен шыққан
адамларды Қудайға арнаў
ушын,
Өз қаныңды төгип, олардың
төлемлерин өтедиң.
10 Оларды патшалығыңа
еристирип,
Қудайдың хызметиндеги
рууханийлер қылдың.
Олар жер жүзинде патшалық
етеди».

11 Соңынан тахтты, мақлуқлар-
ды ҳәм ақсақалларды қоршаған
есап-сансыз, мың-мыңлаған, мил-
лионлаған периштелерди көрдим
ҳәм олардың даўысларын еситтим.
12 Олар даўыслап қосық айтып бы-
лай деди:

«Баўызланған Қозы күш,
байлық, даналық, қудирет,
Ҳүрмет, даңқ ҳәм алғыс-
мақтаўды алыўға
ылайықлы».

13 Ҳәм мен аспандағы, жер жү-
зиндеги, жердиң астындағы ҳәм
теңиздеги пүткил жаратылыстың,
олардағы пүткил барлықтың бы-
лай деп қосық айтқанын еситтим:

«Тахтта Отырған ҳәм Қозы,
Алғыс-мақтаўға ҳәм ҳүрметке,
Даңққа ҳәм қудиретке,
Мәңги-бақый ийе болсын!»

14 Төрт мақлуқ: «Аўмийин!» деп
жуўап берди, ал жигирма төрт ақ-
сақал жерге жығылып табынды*.

## Бекитилген мөрлердиң бузып ашылыўы

6 1 Соңынан мен Қозының беки-
тилген жети мөрдиң биринши-
син бузып ашқанын көрдим. Сонда
төрт мақлуқтың бириниң гүлдир-
маманың гүркирегенине уқсаған
даўыс пенен: «Кел» дегенин есит-
тим. 2 Қарасам, бир ақ ат тур екен.
Аттың үстиндегиниң оқ жайы бар
еди. Оған бир таж берилди. Ол же-
ңимпаз болып, және жеңиске ери-
сиўге атланды.

3 Қозы бекитилген екинши мөрди
бузып ашқанда, екинши мақлуқ-
тың: «Кел» дегенин еситтим. 4 Сон-
да оттай қызыл бир ат шықты. Атқа
мингенге адамлардың бир-бирин
өлтириўи ушын, дүнья жүзинде-
ги парахатшылықты жоқ қылыў
бийлиги берилди. Оған үлкен бир
қылыш та берилди.

5 Қозы бекитилген үшинши мөр-
ди бузып ашқанда, үшинши мақ-
луқтың: «Кел» дегенин еситтим.
Қарасам, бир қара ат тур екен. Атқа
мингенниң қолында пәлле тәрези
бар еди. 6 Төрт мақлуқтың ортасы-
нан шыққан бир даўыстың: «Бир
күнлик ис ҳақыға бир қадақ бий-
дай ямаса үш қадақ арпа бериледи.

---

a **5:8** *Мухаддеслер* – Ийсаға исениўшилер.

Бирақ, зәйтүн майына ҳәм шарапқа
зыян тийгизбе!» – дегенин еситтим.
7 Қозы бекитилген төртинши
мөрди бузып ашқанда, төртинши
мақлуқтың: «Кел!» дегенин есит-
тим. 8 Қарасам, бир ақшыл сур ат
тур екен. Атқа мингенниң аты өлим
болып, оның изинен өлилер мәка-
ны ерип киятырған еди. Оларға қы-
лыш, ашлық, жуқпалы аўырыўлар
ҳәм жердеги жыртқыш ҳайўанлар
менен адамларды өлтириў ушын,
дүньяның төрттен бир бөлегиниң
үстинен бийлик берилди.
9 Қозы бекитилген бесинши мөр-
ди бузып ашқанда, қурбанлық
орынның астында Қудайдың сө-
зи ҳәм өзлери айтқан гүўалықлары
ушын өлтирилгенлердиң жанла-
рын көрдим. 10 Олар бәлент даўыс
пенен бақырып былай деди: «Му-
қаддес ҳәм ҳақыйқый Ийемиз!
Сен енди қашанға дейин жер жү-
зинде жасайтуғынларды ҳүким
етип, олардан төгилген қанымыз
ушын өш алмаўыңды даўам ете-
сең?» 11 Сонда олардың ҳәр бирине
ақ кийим берилип: «Сизлер сияқ-
лы өлтирилетуғын өзлериңиздей
хызметшилердиң ҳәм туўысқан-
ларыңыздың саны толық болғанға
шекем аз-маз күтип турыңлар», –
делинди.
12 Қозы бекитилген алтыншы
мөрди бузып ашқанда қарасам, жер
күшли силкинип, қуяш қара жүн-
нен тоқылған аза кийимдей, ал ай
толығы менен қан сияқлы қып-қы-
зыл болып кетти. 13 Ал аспандағы
жулдызлар күшли самал себеп-
ли шайқалған әнжир ағашынан
писпей атырып төгилген мийўе-
лер сияқлы жерге түсти. 14 Аспан
болса, оралған қағаз сияқлы жоқ
болып кетти. Ҳәр бир таў ҳәм атаў
орнынан көширилди[a].
15 Сонда дүньяның патшалары,
ҳәмелдарлары, әскербасылары,
байлары, күшлилери, барлық қул
ҳәм азат адамлары үңгирлер менен
таўдағы жартаслар арасына жасы-
рынды. 16 Олар таўлар ҳәм жартас-
ларға жалынып: «Үстимизге қулап,
тахттың үстинде Отырғаннан ҳәм
Қозының ғәзебинен бизлерди жа-
сыра гөриң! 17 Себеби олардың қә-
ҳәрли ғәзебиниң күни келди, буған
ким шыдай алады», – деди.

### Мөрленген Қудайдың хызметшилери

7 1 Буннан соң, мен жер жүзиниң
төрт мүйешинде турған төрт
периштени көрдим. Олар жер бе-
тине, теңизге ҳәм ҳәр бир терекке
еспесин деп, жер жүзиниң төрт са-
малын услап турған еди. 2 Мен жә-
не шығыстан көтерилип киятырған,
тири Қудайдың мөрине ийе басқа
бир периштени көрдим. Ол жерге
ҳәм теңизге зыян келтириў бийли-
ги берилген төрт периштеге бәлент
даўыс пенен бақырып: 3 «Бизлер
Қудайымыздың хызметшилериниң
маңлайларына мөр баспағанымыз-
ша, жерге, теңизге ҳәм тереклерге
зыян тийгизбеңлер!» – деди. 4 Сонда
мен маңлайларына мөр басылған-
лардың саны бир жүз қырық төрт
мың екенин еситтим. Олар Израил
халқының барлық урыўларынан еди.
5-8 Яҳуда урыўынан он еки мың,

---

[a] **6:13-14** Ийш 34:4.

Рубен урыўынан он еки мың,
Гад урыўынан он еки мың,
Ашер урыўынан он еки мың,
Нафталий урыўынан он еки мың,
Менашше урыўынан он еки мың,
Шимон урыўынан он еки мың,
Лебий урыўынан он еки мың,
Иссахар урыўынан он еки мың,
Зебулон урыўынан он еки мың,
Юсуп урыўынан он еки мың,
Бенямин урыўынан он еки мың
адамға мөр басылды.

### Ҳәр түрли миллеттен болған сансыз халық

9 Буннан соң қарасам, ҳәр түр-
ли миллеттен, ҳәр түрли урыўдан,
ҳәр түрли халықтан ҳәм ҳәр түрли
тилден болған, ҳеш ким санай ал-
майтуғын үлкен топар тахттың ҳәм
Қозының алдында турған екен. Ҳәм-
меси ақ кийим кийген болып, қолла-
рына пальма ағашының шақаларын
услап турған еди. 10 Олар бәлент да-
ўыс пенен: «Қутқарыў тахтта отыр-
ған Қудайымыздың ҳәм Қозының
қолында», – деп бақырып турған еди.
11 Барлық периштелер тахттың,
ақсақаллардың ҳәм төрт мақлуқ-
тың дөгерегинде турған еди. Олар
тахттың алдында жерге жығылып,
Қудайға табынып былай деди:
12 «Аўмийин.
Алғыс, даңқ, даналық,
Мақтаў, ҳүрмет, күш-қудирет,
Мәңги-бақый Қудайымыздики
болсын!
Аўмийин».
13 Сонда ақсақаллардың бири
меннен:
– Ақ кийим кийген мына адам-
лар кимлер, олар қаяқтан келди? –
деп сорады.
14 – Буны сиз билесиз, мырзам, –
дедим мен.
Ол маған былай деди:
– Булар – аўыр азапты басынан
кеширгенлер. Кийимлерин Қо-
зының қаны менен жуўып, аппақ
қылғанлар. 15 Сонлықтан олар
Қудайдың тахтының алдында ту-
рып, Оның Ибадатханасында кү-
ни-түни Оған хызмет етеди. Тахтта
Отырған олар менен бирге болып,
Өз панасында сақлайды. 16 Олар
енди ҳеш қашан аш болмайды ҳәм
шөллемейди, қуяш ямаса жәзий-
рама ыссы оларды күйдирмейди.
17 Өйткени тахттың ортасында бол-
ған Қозы олардың шопаны болып,
тири суў булақларына алып барады.
Қудай олардың барлық көз жасла-
рын сүртип таслайды.

### Бекитилген жетинши мөрдиң бузып ашылыўы

8 1 Қозы бекитилген жетинши
мөрди бузып ашқанда, аспан-
да ярым сааттай үнсизлик орнады.
2 Сонда мен Қудайдың алдында
турған жети периштени көрдим.
Оларға жети кәрнай берилди.
3 Соңынан басқа бир периште
келип, қурбанлық орында турды.
Оның қолында түтеткини түтетиў-
ге арналған алтын ыдыс бар еди.
Оған пүткил мухаддеслердиң ду-
ўаларына қосып, тахттың алдында-
ғы алтыннан исленген қурбанлық
орынға бағышлаў ушын, көп муғ-
дарда түтеткилер берилди. 4 Сонда
мухаддеслердиң дуўалары менен
бирге түтеткиниң түтини periш-
тениң қолынан көтерилип, Қудай-
дың алдына жетип барды.

5 Периште түтетки салынған
ыдысты алып, оны қурбанлық
орынның жанып турған шоғы-
на толтырды да, жерге ылақты-
рып жиберди. Сонда гүлдирмама
гүркиреп, гүрсилдеген даўыслар
еситилди ҳәм шақмақ шағып, жер
силкинди.

### Жети кәрнай

6 Жети периште қолларында-
ғы жети кәрнайды шертиўге та-
ярланды.
7 Биринши периште кәрнайын
шертти. Сонда қанға араласқан
буршақ ҳәм от жерге жаўды. Жер
бетиниң үштен бири, тереклердиң
үштен бири ҳәм жасыл шөплердиң
ҳәммеси жанып кетти.
8 Екинши периште кәрнайын
шертти. Лаўлап жанған таў сыяқ-
лы үлкен бир нәрсе теңизге ылақ-
тырылды. Теңиздиң үштен бири
қанға айланды. 9 Теңиздеги жаны-
ўарлардың үштен бири өлди ҳәм
кемелердиң үштен бири қыйра-
лып қалды.
10 Үшинши периште кәрнайын
шертти. Сонда аспаннан шом сы-
яқлы жалынлап жанған бир үлкен
жулдыз дәрьялардың үштен бир
бөлегине ҳәм суў булақларының
үстине түсти. 11 Бул жулдыздың
аты – жуўсан. Суўлардың үштен бир
бөлеги жуўсан сыяқлы ашшы бол-
ды. Суў ашшы болғанлықтан, иш-
кен адамлардың көбиси өлип қалды.
12 Төртинши периште кәрнайын
шертти. Қуяштың үштен бири, ай-
дың үштен бири ҳәм жулдызлардың
үштен бири зақымланды. Олардың
үштен бири қараңғыланып, күндиз
ҳәм түнниң үштен бир бөлеги жақ-
тысыз қалды.
13 Мен соңынан аспанның ор-
тасында ушып жүрген бир бүр-
китти* көрдим ҳәм оның бәлент
даўыс пенен былай дегенин есит-
тим: «Ҳәсирет, ҳәсирет! Жер жү-
зинде жасаўшылар ҳәсирет шегеди!
Себеби кәрнайларын шертетуғын
қалған үш перишге кәрнай шер-
тиўге таяр тур!»

**9** 1 Бесинши периште кәрнайын
шертти. Сонда мен аспаннан
жерге түскен бир жулдызды көр-
дим. Оған терең туңғыйықтың аўзын
ашатуғын гилт берилди. 2 Жулдыз
терең туңғыйықтың аўзын ашқанда,
туңғыйықтан үлкен пештиң түти-
ниндей түтин шықты. Бул түтиннен
қуяш ҳәм ҳаўа қараңғыланып кет-
ти. 3 Түтинниң ишинен жерге ше-
гирткелер жаўды. Оларға жердеги
шаянлардың күшине уқсаған бир
күш берилген еди. 4 Шегирткелерге
жердеги көк шөплерге, өсимликлер-
ге ҳәм тереклерге зыян келтирмеў,
тек маңлайларында Қудайдың мөри
жоқ адамларға ғана азап бериў бу-
йырылды. 5 Оларға бул адамларды
өлтирмей, тек бес ай даўамында азап
бериўге рухсат етилди. Олар бер-
ген азап адамды шаян шаққандай
қыйнайды. 6 Сол күнлери адамлар
өлим излейди, бирақ таба алмайды.
Өлиўди аңсайды, бирақ өлим олар-
дан қашып кетеди.
7 Шегирткелердиң кориниси са-
ўашқа таярланған атлар сыяқлы
болып, басларында алтын таж-
ларға уқсаған тажлары бар еди.
Жүзлери болса, адамның жүзине
уқсаған еди. 8 Шашлары ҳаялдың

шашындай, тислери арысланның
тисиндей еди. 9 Көкиреклеринде
темир саўытларға уқсаған саўыт-
лар болып, қанатларының сести
саўашқа шаўып баратырған сансыз
атлы арбалардың сести сыяқлы еди.
10 Шегирткелердиң шаяндикин-
дей қуйрықлары ҳәм ийнелери бар
еди. Қуйрықлары адамларға бес ай
бойы азап беретуғын күшке ийе
еди. 11 Олардың үстинен терең туң-
ғыйықтың периштеси патшалық
ететуғын еди. Бул периштениң ев-
рейше аты Абаддон, ал грекше аты
Аполлион[a] еди.

12 Биринши ҳәсирет өтти, ми-
не, буннан соң және еки ҳәсирет
келмекте.

13 Алтыншы периште кәрна-
йын шертти. Сонда мен Қудай-
дың алдындағы алтыннан исленген
қурбанлық орынның төрт мүйе-
шиндеги шақлардан шыққан бир
даўысты еситтим. 14 Даўыс қолын-
да кәрнайы бар алтыншы периш-
теге: «Уллы Евфрат дәрьясының
жанында байлаўлы турған төрт пе-
риштени босатып жибер», – деди.
15 Сонда анық сол саат, сол күн, сол
ай ҳәм сол жыл ушын таяр турған
төрт периште адамлардың үштен
бирин өлтириў ушын босатылып
жиберилди. 16 Олардың атлы әс-
керлериниң саны еки жүз милли-
он екенлигин еситтим.

17 Аянымда көрген атлар менен
атлылардың көриниси мынадай:
атлылардың оттай қызыл, қыз-
ғыш көк ҳәм күкирт реңли саўыт-
лары бар еди. Атлардың баслары
арысланның басына уқсаған болып,
аўызларынан от, түтин ҳәм күкирт
шығып турған еди. 18 Адамзаттың
үштен бири усы үш бәледен: бу-
лардың аўзынан шыққан от, түтин
ҳәм күкирттен өлди. 19 Өйткени
атлардың күши аўызларында ҳәм
қуйрықларында еди. Қуйрықлары
басы бар жыланлар сыяқлы болып,
адамларды олар менен азаплайту-
ғын еди. 20 Усы бәлелерден өлмей
қалған адамлар өз қоллары менен
ислеген жаман ислери ушын тәўбе
етпеди. Олар я көре, я есите, я жү-
ре алмайтуғын алтын, гүмис, қола,
тас ҳәм ағаштан исленген бутлар-
ға ҳәм жинлерге табыныўдан ўаз
кешпеди. 21 Және де адам өлтириў,
сыйқыршылық ислеў, жынысый
бузықшылық қылыў ҳәм урлық
ислеўди қойып, тәўбе етпеди.

### Периште ҳәм орама қағаз

**10** 1 Соңынан мен аспаннан тү-
сип киятырған басқа бир
күшли периштени көрдим. Ол булт-
қа оранған болып, басының үстин-
де айқулақ бар еди. Жүзи қуяшқа,
аяқлары отлы сүтинге уқсаған еди.
2 Оның қолында ашылған бир ора-
ма қағаз бар еди. Ол оң аяғын те-
ңизге, ал сол аяғын жерге қойып,
3 арысланның ақырғанына уқсаған
бәлент даўыс пенен бақырды. Ол
бақырғанда, жети гүлдирмама сести
гүркиреп, тилге кирди. 4 Жети гүл-
дирмама тилге киргенде, мен жаз-
бақшы болып едим, бирақ аспаннан
бир даўыстың: «Жети гүлдирмама-
ның айтқанларын жазба, оларды
қупыя сақла», – дегенин еситтим.

a **9:11** *Абаддон, Аполлион* – екеўи де «набыт қылыўшы» деген мәнисти билдиреди.

5 Соннан кейин, бир аяғы менен
теңизде, бир аяғы менен жерде тур-
ғанын өзим көрген сол периште оң
қолын аспанға көтерди. 6 Ол ас-
панды ҳәм аспандағылардың ҳәм-
месин, жерди ҳәм жердегилердиң
ҳәммесин, теңизди ҳәм теңиздеги-
лердиң ҳәммесин жаратқан мәңги-
бақый жасайтуғын Қудайдың аты
менен ант ишип: «Енди ўақыт қал-
мады. 7 Бирақ, жетинши периште
кәрнайын шертетуғын күнлерде
Қудайдың Өз хызметшилери – пай-
ғамбарларға хабарлаған сырлы жо-
басы әмелге асады», – деди.
8 Өзим аспаннан еситкен даўыс
мениң менен және сөйлесе баслап:
«Барып, теңизде ҳәм жерде турған
периштениң қолындағы ашыўлы
орама қағазды ал», – деди.
9 Мен периштениң жанына барып,
орама қағазды маған бериўин со-
радым. Периште маған: «Буны ал
да, жеп қой. Ол қарныңа барғанда
ашшы, ал аўзында пал сыяқлы тат-
лы болады», – деди.
10 Сонда мен орама қағазды пе-
риштениң қолынан алып, жеп қой-
дым. Ол аўзымда пал сыяқлы татлы
болды, ал жутқанымнан кейин қар-
нымды ашытты. 11 Соңынан маған
былай делинди: «Сен және көп ха-
лықлар, миллетлер, тиллер ҳәм
патшалар туўралы пайғамбаршы-
лық айтыўың тийис».

### Еки гүўа

**11** 1 Соннан кейин, маған өл-
шейтуғын таяқ сыяқлы қа-
мыс берилип, былай делинди:
– Бар да, Қудайдың Ибадатхана-
сын ҳәм қурбанлық орынды өлшеп,
сол жерде сыйынып атырғанларды
санап шық. 2 Ал Ибадатхананың
сыртқы ҳәўлисин өлшемей қалдыр.
Себеби ол жер бутқа табыныўшы-
ларға берилди. Олар мухаддес қа-
ланы қырық еки ай даўамында аяқ
асты қылады. 3 Бирақ Мен Өзим-
ниң еки гүўама күш беремен. Олар
аза кийимин кийип, бир мың еки
жүз алпыс күн пайғамбаршылық
қылады.
4 Бул еки гүўа – пүткил дүньяның
Ийеси Қудай алдында турған еки
зәйтүн ағашы ҳәм еки шыра қой-
ғыш. 5 Егер ким де ким оларға зыян
тийгизбекши болса, олардың аўыз-
ларынан от шығып, душпанларын
күйдирип жоқ қылады. Оларға зы-
ян тийгизбекши болғанлар усылай
өлтириледи. 6 Бул еки гүўа өзлери
пайғамбаршылық айтқан күнлер-
де жаўын жаўмасын деп, аспанды
жаўып таслаў бийлигине ийе. Жә-
не олардың суўларды қанға айлан-
дырыўға, қанша қәлесе, жер жүзин
сонша ҳәр түрли бәлелерге дуўшар
етиўге де бийлиги бар.
7 Олар гүўалықларын айтып та-
ўысқанда, терең туңғыйықтан
шыққан жыртқыш ҳайўан олар
менен урысады ҳәм оларды жеңип
өлтиреди. 8 Олардың өлиги тым-
салый түрде Содом ҳәм Мысыр
деп аталатуғын уллы қаланың кө-
шесинде қалдырылады. Олардың
Ийеси де сол жерде атанақ ағаш-
қа шегеленген еди. 9 Үш ярым күн
барлық халықлардың, урыўлардың,
тиллер ҳәм миллетлердиң адам-
лары олардың өлигин тамашалап,
денелерин қәбирге қойыўға рух-
сат етпейди. 10 Жер жүзинде жа-
саўшылар буған қуўанып, байрам
қылады ҳәм бир-бирине саўғалар

жибереди. Өйткени бул еки пай-
ғамбар жер жүзинде жасаўшылар-
ға азап берген еди.
11 Бирақ үш ярым күннен соң,
Қудайдан келген өмир деми олар-
дың денелерине енип, екеўи де аяқ-
қа турды. Буны көргенлерди күшли
қорқыныш бийледи. 12 Сонда еки
пайғамбар аспаннан еситилген бә-
лент бир даўыстың өзлерине: «Бул
жерге көтерилиңлер», – дегенин
еситти. Олар душпанларының көз
алдында бир булт үстинде аспан-
ға көтерилип кетти. 13 Сол ўақыт-
та-ақ күшли жер силкиниў болып,
қаланың оннан бири қыйралып
қалды ҳәм жети мың адам набыт
болды. Ал қалған адамларды күш-
ли қорқыныш бийлеп, аспандағы
Қудайды алғыслады.
14 Екинши ҳәсирет өтти. Мине,
үшинши ҳәсирет жақынлап кел-
мекте.

### Жетинши кәрнай

15 Жетинши периште кәрнайын
шертти. Аспаннан бәлент даўыс-
лар еситилип:
«Дүнья жүзи патшалығы
Ийемиздики ҳәм Оның
Масийхыники болды.
Ол мәңги-бақый патшалық
етеди», – деди.
16 Қудайдың алдында өз тахт-
ларында отырған жигирма төрт
ақсақал жерге бас урып, Қудайға
табынды ҳәм былай деди:
17 «Қүдирети күшли Қудай,
Жаратқан Ийе!
Сен бар болғансаң, ҳәзир де
барсаң*!
Саған шүкирлик етемиз.
Себеби Сен уллы қүдиретиң
менен патшалық ете
басладың.
18 Миллетлер қатты ашыўланған
еди,
Енди Сен де ғәзепке миндиң.
Өлилерди ҳүким ететуғын
ўақтың келди,
Хызметшилериң болған
пайғамбарларға,
Мухаддеслерге, яғный Сениң
атыңды ҳүрмет ететуғын
үлкен-кишиге сыйлық
бериў,
Ал жер жүзин набыт
қылыўшыларды набыт
қылыў ўақтың келди».
19 Сонда Қудайдың аспандағы
Ибадатханасы ашылды ҳәм Иба-
датханадағы Оның Келисим санды-
ғы[a] көринди. Сол ўақытта шақмақ
шақты, даўыслар шықты, гүлдир-
мама гүркиреди ҳәм жер силкинип,
күшли буршақ жаўды.

### Ҳаял ҳәм айдарҳа

12 1 Аспанда бир уллы кәра-
матлы белги пайда болды:
қуяшқа оранған, аяқларының ас-
тында ай, басында он еки жулдызлы
тажы бар бир ҳаял көринди. 2 Ҳаял
ҳәмиледар еди, ол босанбақшы бо-
лып, толғақ тутып бақырмақта еди.
3 Соңынан аспанда басқа бир кә-
раматлы белги пайда болды: жети
баслы, он шақлы, басларында же-
ти тажы бар, үлкен қызыл айдарҳа
көринди. 4 Айдарҳа қуйрығы менен
аспандағы жулдызлардың үштен
бирин сыпырып, жерге ылақтырды.

---

a **11:19** *Келисим сандығы* – сөзликке қараң.

Соңынан ол туўылыўдан-ақ баланы
жутып жибериў ушын, туўайын деп
атырған ҳаялдың алдында турып
алды. 5 Ҳаял ул туўды. Барлық мил-
летлерди темир таяқ пенен басқара-
туғын[a] бул бала дәрҳал Қудайдың
алдына, Қудайдың тахтына алып
келинди. 6 Ал ҳаял шөлге қашып
кетти. Ол жерде ҳаялдың бир мың
еки жүз алпыс күн бағылыўы ушын,
Қудай тәрепинен таярланған бир
орын бар еди.

7 Аспанда саўаш басланды. Бас
периште Михаил ҳәм оның периш-
телери айдарҳаға қарсы урысты.
Айдарҳа да өз периштелери ме-
нен оларға қарсы урысса да, 8 күши
жетпей жеңилип қалып, аспандағы
орынларынан айырылды. 9 Әзәзүл
ямаса шайтан деп аталған үлкен
айдарҳа, пүткил дүньяны жолдан
азғырған ески жылан өз периште-
лери менен бирликте жерге ылақ-
тырылды.

10 Сонда мен аспанда бәлент бир
даўыстың былай дегенин еситтим:

«Мине, Қудайымыздың
қутқарыўы, қүдирети ҳәм
патшалығы келди,
Оның Масийхының
ҳүкимдарлығы орнады.
Өйткени туўысқанларымыздың
айыплаўшысы,
Оларды Қудайымыздың
алдында күни-түни,
Айыплаған шайтан жерге
ылақтырылды.
11 Туўысқанларымыз Қозының
қаны менен,
Және өзлери айтқан
гүўалықлары менен оны
жеңди.
Бул ушын олар өз жанларын
өлимге қыйды.
12 Сонлықтан аспан ҳәм
онда жасаўшылар,
шадланыңлар!
Ал жер ҳәм теңиз, сизлер
ҳәсирет шегесизлер!
Себеби шайтан үстиңизге түсти.
Ол өз ўақтының аз қалғанын
билип, ғәзепке толған».

13 Айдарҳа өзиниң жерге ылақты-
рылғанын көргенде, ул бала туўған
ҳаялдың изинен қуўа кетти. 14 Жы-
лланнан қашып, шөлдеги өзи ушын
арналған жерге ушып кетиўи ушын,
ҳаялға үлкен бир бүркиттиң еки
қанаты берилди. Ҳаял ол жерде
бир мүддет, еки мүддет ҳәм ярым
мүддет даўамында бағылыўы ла-
зым еди. 15 Сонда жылан ҳаялды
сел менен ығызып жибериў ушын,
аўзынан оның изинен дәрьядай суў
ағызды. 16 Бирақ жер аўзын ашты
да, айдарҳаның аўзынан ағызған
суўын жутып жиберип, ҳаялға жәр-
дем етти. 17 Сонда айдарҳа ҳаялға
қарсы қәҳәрленди. Ол ҳаял нәсили-
нен болған басқалар менен, яғный
Қудайдың буйрықларын орынлап,
Ийсаның гүўалығына садық қал-
ғанлар менен урысыўға атланды.

**13** 1 Айдарҳа теңиз жағасында
турып алды*.

### Теңизден шыққан жыртқыш ҳайўан

Соңынан мен он шақлы, жети
баслы бир жыртқыш ҳайўанның
теңизден шығып киятырғанын

a **12:5** Заб 2:9

көрдим. Оның шақларында он таж
болып, басларында Қудайға тил
тийгизиўши атлар жазылған еди.
2 Мен көрген жыртқыш ҳайўан қап-
ланға уқсаған еди. Оның аяқлары
айыўдың аяғындай, аўзы арыслан-
ның аўзындай еди. Айдарҳа оған
өз қүдирети ҳәм тахты менен бир-
ге үлкен бийлик те берди. 3 Жырт-
қыш ҳайўанның басларының бири
өлимши ҳалда жарақатланғандай
болып көринди. Деген менен, бул
жарақат жазылып кетти. Сонда
пүткил дүнья таң қалып, жырт-
қыш ҳайўанның изине ерип кет-
ти. 4 Адамлар жыртқыш ҳайўанға
бийлик берген айдарҳаға сыйынды.
Олар жыртқыш ҳайўанға да сыйы-
нып: «Бул жыртқыш ҳайўанға ким
тең келе алады? Оның менен ким
урыса алады?» – деди.
5 Өзин мақтап, Қудайға тил тий-
гизетуғын сөзлер айтыў ушын
жыртқыш ҳайўанға аўыз берил-
ди. Ол және қырық еки ай даўа-
мында жүргизетуғын бийлик алды.
6 Қудайға, Оның аты менен мәка-
нына ҳәм аспанда жасаўшыларға
тил тийгизиў ушын, жыртқыш ҳай-
ўан аўзын ашып сөйлей баслады.
7 Оған мухаддеслерге қарсы уры-
сып, оларды жеңиўге күш берилди.
Ол ҳәр бир урыў, ҳәр бир халық, ҳәр
бир тил ҳәм ҳәр бир миллет үсти-
нен бийликке ийе болды. 8 Дүнья-
ға тийисли адамлардың ҳәммеси,
дүнья жаратылғаннан бери баўыз-
ланған Қозының Өмир китабын-
да аты жазылмаған ҳәр бир адам
жыртқыш ҳайўанға сыйынды.
9 Қулағы бар адам мыналарды
еситип алсын:
10 «Кимниң тәғдирине тутқын
болыў жазылса,
Ол тутқынға түседи.
Кимниң тәғдирине қылыш
пенен өлтирилиў жазылса,
Ол қылыш пенен өлтириледи».[a]
Сол ўақытта мухаддеслердиң са-
быр етип, исениўи керек болады.

### Жерден шыққан жыртқыш ҳайўан

11 Буннан соң, мен жерден шығып
киятырған басқа бир жыртқыш
ҳайўанды көрдим. Оның қозыни-
киндей еки мүйизи болып, ол ай-
дарҳа сыяқлы сөйлейтуғын еди.
12 Бул жыртқыш ҳайўан биринши
жыртқыш ҳайўанның пүткил бий-
лиги менен ол ушын ҳәрекет етти.
Жер жүзин ҳәм онда жасайтуғын-
ларды өлимши ҳалдағы жарақа-
ты жазылған биринши жыртқыш
ҳайўанға сыйыныўға мәжбүрледи.
13 Ол үлкен кәраматлар көрсетип,
ҳәтте, адамлардың көз алдында
аспаннан жерге от та жаўдырды.
14 Ол биринши жыртқыш ҳайўан-
ның атынан өзине ислеўге рухсат
етилген кәраматлары арқалы жер
жүзинде жасайтуғынларды жолдан
азғырды. Ол адамларға қылыштан
жараланған, бирақ тири қалған би-
ринши жыртқыш ҳайўанның ҳүр-
метине оның мүсинин соғыўды
буйырды. 15 Оған биринши жырт-
қыш ҳайўанның мүсинине жан бе-
риў ушын қүдирет берилди. Солай
етип, сол мүсин тилге кирип, өзи-
не табынбағанлардың ҳәммесиниң

---

a **13:10** Ерм 15:2; 43:11.

өлтирилиўин буйырды. 16 Ол ҳәр
бир адамды: үлкен-кишини, бай-
жарлыны, азат-қулды оң қолына
ямаса маңлайына тамға бастыр-
тыўға мәжбүрледи. 17 Солай етип,
ким де ким усы тамғаға, яғный би-
ринши жыртқыш ҳайўанның атына
ямаса атының санына ийе болма-
са, бир нәрсе сатып ала алмайды
да, сата алмайды да.
18 Бул даналықты талап етеди.
Ақылы жеткен адам ҳайўанның
санын есаплап шықсын. Өйткени
бул – адамның саны. Оның саны
алты жүз алпыс алты.

### Қозы ҳәм қутқарылғанлар

14 1 Соңынан Қозының Сион
таўының[a] үстинде турға-
нын көрдим. Қозының жанында
маңлайына Қозының ҳәм Оның
Әкесиниң аты жазылған бир жүз
қырық төрт мың адам бар еди.
2 Аспаннан сарқырап аққан суў-
дың сестиндей, күшли гүлдирмама
даўысындай бир сес еситтим. Мен
еситкен бул сес арфа шертиўши-
лердиң шерткен намасына уқсай-
туғын еди. 3 Усы бир жүз қырық
төрт мың адам тахттың, төрт мақ-
луқтың ҳәм ақсақаллардың алдын-
да жаңа бир қосық айтып турған
еди. Гүналарының қуны өтелип,
жер жүзинен сатып алынған усы
адамлардан басқа ҳеш ким бул қо-
сықты үйрене алмас еди. 4 Булар
өзлерин бузықшылықтан таза сақ-
лаған, пәк қызлардай адамлар еди.
Қозы қаяққа барса, олар Оның
изине ерди. Олар Қудайдың ҳәм
Қозының туңғышлары болып,
адамлар арасынан сатып алын-
ғанлар. 5 Аўызларынан жалған сөз
шықпаған олар – минсиз адамлар*.

### Үш периштениң хабары

6 Буннан соң, мен аспанның ор-
тасында ушып жүрген басқа бир
периштени көрдим. Бул периште
жер жүзинде жасаўшыларға: ҳәр
бир миллет ҳәм урыўға, ҳәр бир тил
ҳәм халыққа жәрияланатуғын мәң-
ги Хош Хабарға ийе еди. 7 Ол бәлент
даўыс пенен: «Қудайдан қорқыңлар!
Оны алғыслаңлар! Оның ҳүким ете-
туғын ўақты келди. Аспанды, жер-
ди, теңизди ҳәм суў булақларын
Жаратқанға сыйыныңлар!» – деди.
8 Оның изинен киятырған екин-
ши периште былай деди: «Қулады!
Өз бузықшылығының күшли шара-
бын барлық миллетлерге ишкизип,
оларды азғырған уллы Бабилон[b]
қулады!»
9 Екеўиниң изинен киятырған
үшинши периште бәлент даўыс
пенен былай деди: «Ким де ким
биринши жыртқыш ҳайўанға ҳәм
оның мүсинине табынып, маңла-
йына ямаса қолына оның тамға-
сын қабыл етсе, 10 ол Қудайдың
қәҳәрли ғәзеп кесесинде[c] таярлан-
ған Қудайдың ғәзебиниң күшли
шарабынан ишеди. Мухаддес пе-
риштелердиң ҳәм Қозының алдын-
да от ҳәм жанып турған күкирттен
азап шегеди. 11 Оларға азап бере-
туғын оттың түтини мәңги-бақый

---

[a] **14:1** *Сион таўы* – Ерусалим қаласындағы бир таў. Сөзликке қараң.
[b] **14:8** *Бабилон* – Рим нәзерде тутылған.
[c] **14:10** *Қудайдың қәҳәрли ғәзеп кесеси* – Қудайдың жазасы.

бурқырап турады. Биринши жырт-
қыш ҳайўанға ҳәм оның мүсинине
табынып, атының тамғасын қабыл
еткенлер күни-түни тынышлық
көрмейди. 12 Сол ўақытта Қудай-
дың буйрықларын орынлап, Ийса-
ға деген исенимине садық қалған
мухаддеслердиң сабырлылығы ке-
рек болады».
13 Сонда аспаннан бир даўыс ма-
ған: «Мынаны жазып қой: буннан
былай, Ийемизге садық қалып,
жанын қыйғанлар қандай бахыт-
лы!» – деди. «Аўа, – дейди Мухад-
дес Руўх, – олар мийнетлериниң
рәҳәтин көреди. Себеби ислеген
ислериниң жемиси олардан айы-
рылмайды».

### Жердиң зүрәәтин жыйнаў

14 Соңынан бир ақ бултты көрдим.
Булттың үстинде басында алтын
тажы, қолында өткир орағы бар,
Адам Улына уқсаған Биреў отыр
еди[a]. 15 Ибадатханадан шыққан
басқа бир периште булттың үс-
тинде Отырғанға бәлент даўыс пе-
нен бақырып: «Орағыңды салып,
ор! Орыў ўақты келди. Өйткени
жердиң зүрәәти писип жетилис-
ти», – деди.
16 Булттың үстинде отырған ора-
ғын жерге силтеди ҳәм жердиң зү-
рәәти орылды.
17 Аспандағы Ибадатханадан бас-
қа бир периште шықты. Оның да
өткир орағы бар еди. 18 Қурбанлық
орын үстиндеги отқа бийлик етету-
ғын бир периште қурбанлық орын-
нан шығып, өткир орақлыға бәлент
даўыс пенен: «Өткир орағыңды
иске сал! Жердеги жүзим ағашы-
нан солқымларды жыйнап ал. Се-
беби жүзим писти», – деди.
19 Периште орағын жерге сил-
теп, жердеги жүзимниң зүрәәтин
жыйнап алды. Оны Қудайдың
ғәзебиниң үлкен искенжесине
ылақтырды. 20 Жүзим жемислери
қаланың сыртындағы искенжеде
сығылды. Искенжеден аққан қан
үш жүз шақырым жерге дейин бар-
ды ҳәм атлардың жүўенлерине ше-
кем көтерилди.

### Жети периште ҳәм жети бәле

15 1 Мен аспанда жәнe уллы
ҳәм таң қаларлық басқа бир
белги көрдим. Бул – қолына соңғы
жети бәлени услаған жети периш-
те еди. Өйткени усы бәлелер менен
Қудайдың ғәзеби жуўмақланату-
ғын еди.
2 Сонда от аралас шийше те-
ңиз сыяқлы бир нәрсени көрдим.
Ҳайўанның, оның мүсининиң ҳәм
атының саны үстинен жеңиске ерис-
кенлер қолларына Қудайдың берген
арфаларын алып, шийше теңиздиң
үстинде турған еди. 3 Олар Қудай-
дың хызметшиси Муўсаның ҳәм Қо-
зының қосығын айтып турған еди:
«Құдирети күшли Қудай
Жаратқан Ийе,
Сениң ислериң уллы ҳәм
әжайып,
О, миллетлер Патшасы*!
Сениң жолларың ҳақыйқат ҳәм
әдил.
4 Жаратқан Ийе, Сеннен
қорқпайтуғын,
Атыңды алғысламайтуғын ким

---

a **14:14** Дан 7:13-14.

бар?
Себеби тек жалғыз Сен ғана
мухаддессең.
Пүткил миллетлер келип,
Сениң алдында табынады.
Өйткени Сениң әдил ислериң
аян болды».
5 Буннан соң аспандағы Иба-
датхананың, яғный Келисим ша-
тырының[a] ашылғанын көрдим.
6 Қолында жети бәле бар жети пе-
риште жарқыраған аппақ зығыр ки-
йим кийип, көкириеклерине алтын
өңирше байлап, Ибадатханадан
шықты. 7 Төрт мақлуқтың бири же-
ти периштеге мәңги-бақый жасай-
туғын Қудайдың қәҳәрли ғәзебине
толы жети алтын кесе берди. 8 Иба-
датхана Қудайдың уллылығының
ҳәм қүдиретиниң түтини менен то-
лып кетти. Жети периштениң жети
бәлеси тамамланбағанша, ҳеш ким
Ибадатханаға кире алмады.

## Қудайдың ғәзебине толы жети кесе

16 1 Соңынан мен Ибадатха-
надан шыққан бир бәлент
даўыстың жети периштеге: «Ба-
рыңлар! Қудайдың ғәзебине толы
жети кесени жерге төгиңлер!» –
дегенин еситтим.
2 Сонда биринши периште ба-
рып, кесени жерге төкти. Биринши
жыртқыш ҳайўанның тамғасына
ийе болып, оның мүсинине табы-
натуғынлардың үстинде азап бе-
риўши жеркенишли жаралар пайда
болды.
3 Екинши периште кесесин те-
ңизге төкти. Теңиз өлиниң қанына
уқсайтуғын қанға айланып, теңиз-
деги пүткил тиришилик набыт бол-
ды.
4 Үшинши периште кесесин
дәрьяларға ҳәм суў булақлары-
на төкти. Олар да қанға айланды.
5 Суўлар үстинен ҳәкимлик етету-
ғын периштениң былай дегенин
еситтим:
«Ҳәзир бар ҳәм бурыннан
бар болған мухаддес
Қудайымыз!
Сениң шығарған бул
ҳүкимлериң әдил.
6 Мухаддеслердиң ҳәм
пайғамбарлардың қанын
төккени ушын,
Сен оларға қан ишкиздиң.
Буған олар ылайықлы».
7 Сонда мен қурбанлық орыннан
шыққан бир даўыстың былай де-
генин еситтим:
«Аўа, Қүдирети күшли Қудай
Жаратқан Ийе,
Сениң ҳүкимлериң туўры ҳәм
әдил».
8 Төртинши периште кесесин қу-
яшқа төкти. Сонлықтан қуяшқа
адамларды от пенен күйдириў кү-
ши берилди. 9 Адамларды күшли ҳә-
ўир күйдирип жиберди. Олар тәўбе
етпеди ҳәм усы бәлелердиң үстинен
бийликке ийе болған Қудайды ал-
ғысламай, Оның атына тил тийгизди.
10 Бесинши периште кесесин жырт-
қыш ҳайўанның тахты үстине төкти.
Жыртқыш ҳайўанның патшалығы
тас түнек болып қалды. Адамлар
азапқа шыдамай, тиллерин тиследи.
11 Бирақ олар жаман ис-ҳәрекетлери
ушын тәўбе етпей, көрип атырған

a **15:5** *Келисим шатыры* – сөзликтеги «Мухаддес шатыр» ға қараң.

азаплары ҳәм жаралары себепли,
аспандағы Қудайға тил тийгизди.
12 Алтыншы периште кесесин уллы
Евфрат дәрьясына төкти. Күншығыс-
тан келетуғын патшаларға жол та-
ярлаў ушын, дәрьяның сууы қурып
қалды. 13 Буннан соң, мен айдарха-
ның, жырткыш ҳайўанның ҳәм жал-
ған пайғамбардың аўзынан шыққан
қурбақаларға уқсайтуғын үш жаўыз
руўхты көрдим. 14 Бул руўхлар – кә-
раматлар көрсететуғын жинлердиң
руўхлары еди. Олар Құдирети күшли
Қудайдың уллы күнинде болатуғын
саўашқа пүткил дүньяның патшала-
рын жыйнаў ушын атланды.
15 «Мине, Мен уры сыяқлы кү-
тилмегенде келемен! Жалаңаш бо-
лып жүрип, уятқа қалмаўы ушын
үстиндеги кийимлерин сақлап, сер-
гек турғанлар қандай бахытлы!» –
деди Ийемиз Ийса.
16 Үш жаўыз руўх еврейше «Ар-
магедон» деп аталатуғын жерге
патшаларды жыйнады. 17 Жетин-
ши периште кесесин ҳаўаға төкти.
Ибадатханадағы тахттан шыққан
бәлент бир даўыс: «Орынланды», –
деди. 18 Сонда шақмақ шағып, гүр-
силдеген даўыслар еситилди ҳәм
гүлдирмама гүркиреп, күшли жер
силкиниў болды. Адамзат жер жү-
зинде пайда болғалы берли, бун-
дай күшли жер силкиниў ҳеш
қашан болған емес. 19 Уллы қала
үшке бөлинип қулады. Миллетлер-
диң қалалары да қыйралып қалды.
Қудай уллы Бабилонды ядында
сақлап, Өзиниң қәҳәрли ғәзебиниң
шарабы толы кесени оған ишиў
ушын берди. 20 Барлық атаўлар ор-
нынан көшип, таўлар жоқ болып
кетти. 21 Аспаннан адамлардың
үстине ҳәр бир данасы батпандай
күшли буршақ жаўды. Буршақ сон-
шелли қорқынышлы болып, адам-
лар усы бәле ушын Қудайға тил
тийгизди.

### Жыртқыш ҳайўанға минген ҳаял

**17** 1 Жети кесеси бар жети пе-
риштениң бири жақынлап
келди де, мениң менен сөйлесе
баслап былай деди:
– Берман кел, мен саған көп суў-
лардың үстинде отырған уллы
бузық ҳаялдың қандай жазаға тар-
тылатуғынын көрсетемен. 2 Дүнья
патшалары оның менен бузықшы-
лық ислеген еди. Жер жүзинде жа-
саўшылар оның бузықшылығының
шарабына мәс болған еди.
3 Соңынан периште мени Мухад-
дес Руўхтың басқарыўында шөлге
алып барды. Ол жерде мен жети
баслы, он шақлы, үсти Қудайға
тил тийгизетуғын атларға толы,
жыртқыш қырмызы ҳайўанның
үстинде отырған бир ҳаялды көр-
дим. 4 Ҳаял шым қызыл ҳәм қым-
батлы қырмызы липаслар кийип,
алтын, ҳасыл таслар ҳәм ҳинжи-
лер менен безенген еди. Оның қо-
лында жеркенишли нәрселерге ҳәм
бузықшылығының ҳарамылықла-
рына толы алтын кесе бар еди. 5 Ал
маңлайына болса:
«УЛЛЫ БАБИЛОН – БУЗЫҚ-
ЛАРДЫҢ ҲӘМ ЖЕР ЖҮЗИНДЕГИ
ЖЕРКЕНИШЛИ НӘРСЕЛЕРДИҢ
АНАСЫ»,
деген сырлы ат жазылған еди.
6 Ҳаялдың мухаддеслердиң ҳәм
Ийса ҳаққында гүўалық берип

өлгенлердиң қанына мәс екенин
көрдим.
Буны көрип, мен қатты таң қал-
дым. 7 Периште маған былай деди:
– Неге таң қалып турсаң? Мен са-
ған ҳаялдың ҳәм оны көтерип жүр-
ген жети баслы, он шақлы жыртқыш
ҳайўанның сырын ашып беремен.
8 Сен көрген жыртқыш ҳайўан бу-
рын бар еди, бирақ ҳәзир жоқ. Би-
раздан соң, ол терең туңғыйықтан
шығып, набыт болады. Дүнья жа-
ратылғаннан бери атлары Өмир ки-
табында жазылмаған жер жүзинде
жасаўшылар жыртқыш ҳайўанды
көргенде ҳайран қалады. Себеби
бул ҳайўан бир ўақытлары бар еди,
енди жоқ, бирақ және келеди.
9 Буны түсиниў ушын даналық
керек. Жети бас – ҳаял үстинде
отырған жети таўды ҳәм жети пат-
шаны билдиреди. 10 Булардың бесе-
ўи қулады, биреўи бар, басқасы еле
келмеди. Ол келеди, бирақ узақ ўа-
қыт турмайды. 11 Бурын бар болған,
бирақ енди жоқ жыртқыш ҳайўан-
ның өзи сегизинши патша. Алдын-
ғы жети патшаның бири болған ол
набыт болады.
12 Сен көрген он шақ еле патша-
лық етпеген он патша. Бирақ булар
жыртқыш ҳайўан менен бирлик-
те аз ўақыт патшалық етиў ушын
бийлик алады. 13 Бул патшалар бир
нийетке ийе болып, күшлерин ҳәм
бийлигин жыртқыш ҳайўанға бе-
реди. 14 Олар Қозыға қарсы уры-
сады, бирақ Қозы оларды жеңеди.
Өйткени Қозы – ҳүкимдарлар Ҳү-
кимдары ҳәм патшалар Патшасы.
Оның менен бирге болғанлар – ша-
қырылғанлар, таңланғанлар ҳәм
Оған садық қалғанлар.
15 Соңынан периште маған бы-
лай деди:
– Мына сен көрген суўлар, яғный
үстинде бузық ҳаял отырған суў-
лар – халықлар, аламанлар, мил-
летлер ҳәм тиллер. 16 Сен көрген он
шақ ҳәм жыртқыш ҳайўан бузық ҳа-
ялды жек көрип, оның ҳәмме нәрсе-
син талан-тараж етеди ҳәм оны тыр
жалаңаш қалдырады. Оның етин
жеп, өзин отқа жандырады.
17 Себеби Қудай Өзиниң еркин
орынлаў ушын, олардың кеўилле-
рине усы нийетти салған еди. Солай
етип, Қудайдың сөзлери орынла-
ныўға дейин олар өз ара келисип,
патшалықларын жыртқыш ҳай-
ўанға тапсырады. 18 Сен көрген ҳа-
ял – дүнья патшаларының үстинен
ҳәкимлик ететуғын уллы қала.

### Бабилонның қулаўы

18 1 Буннан соң, мен күшли
бийликке ийе басқа бир пе-
риштениң аспаннан түскенин көр-
дим. Оның салтанатынан дүнья
жүзи жарқырап кетти. 2 Периште
қатты даўыслап былай деди:
«Қулады! Уллы Бабилон
қулады!
Ол енди жинлердиң мәканы,
Ҳәр түрли жаўыз руўхлардың
ордасы,
Ҳәр қыйлы ҳарам ҳәм
жеркенишли қуслардың
уясы болды.
3 Өйткени барлық миллетлер,
Оның бузықшылығының
күшли шарабын ишти*.
Дүньяның патшалары оның
менен бирге бузықшылық
иследи.
Дүньяның саўдагерлери де,

Оның асып-тасқан
молшылығынан байып
кетти».

4 Сонда мен аспаннан басқа бир
даўыс еситтим. Бул даўыс былай
деди:

«Ҳәй, халқым!
Оның гүналарына шерик
болып,
Ол дуўшар болған бәлелерге
дуўшар болмаўың ушын,
Оннан шығып кет!
5 Себеби оның гүналары үсти-
үстине жыйналып, аспанға
жетти,
Қудай оның жаман ислерин
ядында сақлады.
6 Бабилон сизлерге не қылған
болса, оған соны
қайтарыңлар.
Ислеген ислерин еки есе етип
қайтарыңлар,
Өзи араластырып таярлаған
шараптан еки есе
толтырып, оған бериңлер.
7 Ол қаншама сән-салтанатқа
ҳәм молшылыққа бөленген
болса,
Оған соншама қайғы-ҳәсирет
бериңлер.
Өйткени ол өз кеўлинде:
„Мен ҳаял патша болып, тахтта
отырман, жесир емеспен.
Ҳеш қашан қайғы
көрмеймен“, – дейди.
8 Сонлықтан ол өлим, қайғы ҳәм
ашлық бәлелерине,
Бир күнниң ишинде дуўшар
болады,
Ол отта жанып күл болады.
Себеби оны ҳүким қылыўшы
Қудай Ийе қүдиретли».

9 Оның менен бирге бузықшылық
ислеп, оның асып-тасқан молшы-
лығын бөлискен дүньяның патша-
лары қаладан көтерилип атырған
оттың түтинин көргенде, оны аза-
лап жылайды. 10 Олар оның шегип
атырған азабынан қорқып, узақ-
та турып:

«Ўай-ўай, уллы қала,
Күшли қала Бабилон!
Аз ўақыт ишинде ҳүким
етилдиң-ғо», – дейди.

11 Дүньяның саўдагерлери де ол
ушын жылап, аза тутады. Өйткени
олардың буйымларын сатып ала-
туғын енди ҳеш ким жоқ. 12 Олар
мыналарды: алтын, гүмис, ҳасыл
таслар, ҳинжи, ҳасыл зығыр, жи-
пек, шым қызыл ҳәм қырмызы гез-
лемелер, ҳәр түрли хош ийисли
ағашлар, пил сүйегинен исленген
затлар, қымбат баҳалы ағашлар-
дан исленген нәрселер, қола, те-
мир ҳәм мәрмерден исленген ҳәр
қыйлы буйымлар, 13 дәмли қабық,
мазалы дәм беретуғын нәрселер,
түтетки, әтир май, ладан[a], шарап,
зәйтүн майы, сапалы ун ҳәм бий-
дай, ири қара мал ҳәм қойлар, атлар
ҳәм арбалар, сондай-ақ адамларды
қул қылып сатып алатуғын ҳәм са-
татуғын еди.

14 Олар және: «Жаның сүйген
миййўелер қолыңнан кетти. Пүт-
кил байлығың ҳәм көзди қамас-
тыратуғын затларың жоқ болды.
Енди оларды ҳеш қашан таба ал-
майсаң», – дейди.

15 Бабилонда усы нәрселерди
сатып, байып кеткен саўдагерлер

---

a **18:13** *Ладан* – хош ийисли шайыр.

қаланың шеккен азабынан қорқы-
нышқа түседи ҳәм узақта турып,
жылап аза тутады.
16 Олар былай дейди:
«Ўай, ўай, уллы қала!
Ҳасыл зығыр, шым қызыл
ҳәм қырмызы гезлемелер
кийген,
Алтын, ҳасыл таслар ҳәм
ҳинжилер менен безенген
уллы қала!
17 Усындай үлкен байлық аз
ўақыт ишинде жоқ болды».
Барлық кеме басшылары, кеме
жолаўшылары, кемешилер ҳәм
теңизден күн көретуғынлардың
ҳәммеси узақта турып, 18 қаладан
көтерилип атырған оттың түти-
нин көргенде:
«Усы уллы қалаға тең келету-
ғын қала бар ма?» – деп дад салды.
19 Басларына күл шашты, аза ту-
тып жылап, былай деп бақырысты:
«Ўай, ўай, уллы қала!
Теңиз кемелерине ийе
болғанлардың ҳәммеси,
Ол себепли, оның қымбат
баҳалы буйымлары
себепли байыған еди.
Деген менен, қала аз ўақыт
ишинде ўайран болды.
20 Қуўаныңлар Бабилонның
аўҳалына,
Ҳәй аспан, мухаддеслер,
елшилер ҳәм
пайғамбарлар!
Себеби Қудай оны ҳүким етип,
сизлер ушын өш алды».
21 Соңынан бир күшли периште
үлкен дигирман тасына уқсайтуғын
бир тасты көтерип, теңизге ылақ-
тырды да, былай деди:
«Уллы қала Бабилон!
Минекей, ол усындай күш
пенен ылақтырылып,
Мәңгиге жоқ болады.
22 Ендигиден былай, сенде тарлы
әсбап шертиўшилердиң,
Қосықшылардың, сырнай ҳәм
кәрнай шертиўшилердиң
даўыслары,
Ҳеш қашан еситилмейди.
Сенде қайтып ҳеш бир өнердиң
устасы табылмайды,
Дигирманның даўысы ҳеш
қашан еситилмейди.
23 Сенде буннан былай шыра
жақтысы болмайды.
Келин-күйеў сеслери ҳеш
қашан еситилмейди.
Өйткени саўдагерлериң дүньяда
атақлы адамлар болып,
Пүткил миллетлер сениң
сыйқыршылығың менен
азғырылған еди.
24 Және де, пайғамбарлардың,
Мухаддеслердиң ҳәм жер
жүзинде өлтирилгенлердиң,
Ҳәммесиниң қаны сеннен
табылған еди».

### Ҳалилуйя

**19** 1 Буннан соң, мен аспанда
көп санлы аламанның да-
ўысына уқсаған бәлент даўыслар-
ды еситтим. Олар былай деди:
«Ҳалилуйя[a]!
Қутқарыў, даңқ ҳәм қүдирет,
Қудайымызға тийисли.
2 Себеби Оның ҳүкимлери туўры

---

[a] **19:1** *Ҳалилуйя* – еврейше «Жаратқан Ийени алғыслаң» деген мәнисте. Сөз-
ликке қараң.

хәм әдил.
Ол жер жүзин бузықшылығы
менен ҳарамлаған,
Уллы бузық ҳаялды ҳүким етип,
Өз хызметшилериниң қаны
ушын оннан өш алды».
3 Олар және даўыслап былай деди:
«Ҳалилуйя!
Бузық ҳаялдың жанған отының
түтини,
Мәңги-бақый буркырап
турады».
4 Сонда жигирма төрт ақсақал
ҳәм төрт мақлуқ жерге жығылып:
«Аўмийин! Ҳалилуйя!» – деп, тахт
үстинде отырған Қудайға табынды.

### Қозының неке тойы

5 Соңынан тахттан шыққан бир
даўыс былай деди:
«Ҳәй, Қудайымыздың барлық
хызметшилери!
Оннан қорқыўшы үлкен-киши
ҳәммеңиз,
Оны алғысланңлар!»
6 Соң мен үлкен аламанның даўы-
сына, сарқырап аққан суўлардың
шуўылдысына ҳәм күшли гүлдир-
маманың гүркирегенине уқсаған
даўысты еситтим. Сол даўыс бы-
лай деди:
«Ҳалилуйя!
Қүдирети күшли Қудайымыз
Жаратқан Ийе патшалық
етеди.
7 Шадланып, кеўил көтерейик!
Оны даңққа бөлейик!
Себеби Қозының неке тойы
басланажақ,
Оның қалыңлығы өзин
таярлады.
8 Келинге кийиў ушын,
Таза, жарқыраған аппақ зығыр
көйлек берилди».
Таза, аппақ көйлек – мухаддеслер-
диң ҳақ ислерин билдиреди.
9 Сонда перишле маған:
– Былай деп жаз: «Қозының не-
ке тойына шақырылғанлар қандай
бахытлы!» – деди.
Ол және:
– Бул сөзлер – Қудайдың ҳақый-
қат сөзлери, – деди.
10 Мен оған табыныў ушын, аяқ-
ларына жығылдым. Бирақ ол ма-
ған былай деди:
– Бундай қыла гөрме! Мен де сен
ҳәм Ийсаның гүўалығына ийе ту-
ўысқанларың сыяқлы, Қудайдың
хызметшисимен. Қудайға табын!
Өйткени Ийса ҳаққында гүўалық
бериўшилер – пайғамбаршылық
руўхына ийе болғанлар.

### Ақ Атлы

11 Буннан соң, мен аспанның
ашылғанын көрдим. Ол жерде бир
ақ ат турған болып, атқа Минген-
ниң[a] аты Садық ҳәм Ҳақыйқат еди.
Ол әдиллик пенен ҳүким шыға-
рып, саўаш жүргизеди. 12 Оның
көзлери лаўлап жанған отқа уқса-
ған болып, ал басында болса көп
санлы таж бар еди. Онда Өзинен
басқа ҳеш ким билмейтуғын бир
ат жазылған еди. 13 Ол қанға боял-
ған кийим кийген болып, Оның
аты – Қудайдың Сөзи еди. 14 Та-
за ҳәм аппақ зығыр кийим кий-
ген аспан ләшкерлери ақ атларға
минип, Оның изинен киятыр еди.
15 Оның аўзынан өткир қылыш

---

a **19:11** *Атқа Минген* – бул жерде Ийса Масийх ҳаққында айтылып атыр.

шығып турған болып, Ол сол қы-
лыш пенен миллетлерди өлтиреди.
Оларды темир таяқ пенен басқа-
рады ҳәм Құдирети күшли Құдай-
дың қәҳәрли ғәзебиниң шарабын
сығып шығаратуғын искенжени
Өзи басады. [16] Оның кийиминде
ҳәм санында:
«Патшалар Патшасы ҳәм ҳүким-
дарлар Ҳүкимдары»,
деген ат жазылған еди.
[17-18] Соңынан мен қуяшта тур-
ған бир периштени көрдим. Ол бә-
лент даўыс пенен бақырып, аспанда
ушып жүрген барлық қусларға бы-
лай деди: «Патшалардың, әскерба-
сылардың ҳәм күшли адамлардың,
атлардың ҳәм атқа мингенлердиң,
азат адамлардың, қуллардың, үлкен-
киши ҳәммениң өлигиниң етин жеў
ушын бир жерге жыйналып, Құдай-
дың уллы зыяпатына келиңлер».
[19] Сонда мен жыртқыш ҳайўан-
ды, дүнья патшаларын ҳәм олар-
дың ләшкерлерин көрдим. Олар
атта Отырған менен ҳәм Оның ләш-
керлери менен урысыў ушын бир
жерге жыйналған еди. [20] Жыртқыш
ҳайўан ҳәм оның атынан кәрамат-
лар көрсеткен жалған пайғамбар
қолға алынды. Жыртқыш ҳайўан-
ның тамғасын қабыл етип, оның
мүсинине табынғанларды өз кә-
раматлары менен азғырған – усы
жалған пайғамбар еди. Олардың
екеўи де күкирт жанған от көлине
тирилей ылақтырылды. [21] Ал қал-
ғанлар атта Отырғанның аўзынан
шыққан қылыш пенен өлтирилди.
Барлық қуслар олардың өли дене-
син жеп тойды.

### Мың жыллық патшалық

**20** [1] Соң мен қолында терең
туңғыйықтың гилти ҳәм
үлкен шынжыры бар бир периш-
тениң аспаннан түскенин көрдим.
[2] Периште айдарҳаны, яғный әзә-
зүл ҳәм шайтан деп аталған сол
ески жыланды тутып, мың жылға
байлап таслады. [3] Мың жыл тамам
болмағанша, миллетлерди енди
азғырмасын деп, оны терең туң-
ғыйыққа ылақтырып жиберди. Ол
жерди жаўып, аўзын мөрлеп тас-
лады. Мың жыл өткеннен соң, ол
қысқа мүддетке босатылыўы тийис.
[4] Соңынан мен тахтларды ҳәм
оларда отырғанларды көрдим.
Оларға ҳүким етиў бийлиги бе-
рилген еди. Ийсаның гүўалығы
ҳәм Құдайдың сөзи ушын басы ке-
силгенлердиң жанларын да көр-
дим. Булар жыртқыш ҳайўанға
ҳәм оның мүсинине табынбаған,
маңлайларына ҳәм қолларына
жыртқыш ҳайўанның тамғасын
бастырмаған еди. Олар тирилип,
Масийх пенен бирге мың жыл пат-
шалық етти.
[5] Бул – биринши қайта тирилиў.
Қалған өлилер мың жыл тамам
болмағанша тирилмеди. [6] Бирин-
ши қайта тирилиўде қатнасқанлар
бахытлы ҳәм мухаддес. Екинши
өлимниң булар үстинен ҳеш қан-
дай бийлиги жоқ. Олар Құдайдың
ҳәм Масийхтың руўханийлери бо-
лып, Оның менен бирге мың жыл
патшалық етеди.

### Шайтанның жазаланыўы

[7] Мың жыл өткеннен соң, шайтан
қамалған жеринен азат етиледи.

8 Жер жүзиниң төрт мүйешиндеги
миллетлерди, яғный Гог ҳәм Ма-
гогты[a] азғырып, оларды саўашқа
жыйнаў ушын, ол қамақтан шы-
ғады. Олардың саны теңиздиң қу-
мы сыяқлы сан-санақсыз болады.
9 Олар жер жүзин басып өтип,
мухаддеслердиң мәканы бол-
ған Қудайдың сүйикли қаласын
қоршап алды. Бирақ аспаннан от
жаўып, оларды күйдирип, жоқ қы-
лып жиберди. 10 Ал оларды азғыр-
ған шайтан от ҳәм күкирт көлине
ылақтырылды. Бурын сол жер-
ге жыртқыш ҳайўан ҳәм жалған
пайғамбар да ылақтырылған еди.
Олар күни-түни, мәңги-бақый азап
шегеди.

### Өлилердиң ҳүким етилиўи

11 Сонда мен бир уллы ақ тахт-
ты ҳәм тахтта Отырғанды көрдим.
Жер ҳәм аспан Оның жүзинен қа-
шып, жоқ болып кетти. 12 Тахттың
алдында турған үлкен-киши өли-
лерди де көрдим. Соңынан китап-
лар ашылды. Басқа бир китап та
ашылды, бул – Өмир китабы еди.
Өлилер китапларда жазылғанлар
бойынша, өз ислерине қарай ҳүким
етилди. 13 Теңиз өзинде болған өли-
лерди, өлим ҳәм өлилер мәканы да
өзлеринде болған өлилерди шыға-
рып берди. Ҳәр бири өз ислерине
қарай ҳүким етилди. 14 Өлим ҳәм
өлилер мәканы от көлине ылақ-
тырылды. Бул от көли – екинши
өлим. 15 Атлары Өмир китабында
жазылмағанлардың ҳәммеси от кө-
лине ылақтырылды.

### Жаңа аспан ҳәм жаңа жер

21 1 Буннан соң, мен жаңа ас-
пан менен жаңа жерди көр-
дим. Себеби бурынғы аспан ҳәм
бурынғы жер жоқ болып кеткен
еди. Енди теңиз де жоқ еди. 2 Және
мен аспаннан, Қудайдың жанынан
түсип киятырған мухаддес қала –
жаңа Ерусалимди көрдим. Ол өз
күйеўи ушын таярланып безенген
келин сыяқлы еди. 3 Сонда тахт-
тан шыққан бир бәлент даўыстың
былай дегенин еситтим: «Мине,
Қудайдың мәканы адамлар ара-
сында. Қудай да олардың арасын-
да жасайды. Олар Қудайдың халқы
болады, Қудайдың Өзи де олардың
Қудайы болып, олар менен бирге
жасайды. 4 Қудай олардың барлық
көз жасларын сүртип таслайды.
Енди өлим де, қайғы да, жылаў
да, азап та болмайды. Өйткени бу-
рынғылар өтип кетти».
5 Тахтта Отырған:
– Енди ҳәммесин жаңалайман, –
деди. Ол және маған: – Мынаны
жаз: себеби бул сөзлер исенимли
ҳәм ҳақыйқат, – деди. 6 Соңынан Ол
маған былай деди: – Орынланды.
Мен – Альфа ҳәм Омегаман, Би-
ринши ҳәм Соңғыман. Шөллеген
адамға өмир суўының булақлары-
нан ешейин суў беремен. 7 Жеңип
шыққан усыларды мийрас етип
алады. Мен оның Қудайы боламан,
ол Маған перзент болады. 8 Бирақ
қорқақлар, исенбейтуғынлар, ҳара-
мылар, адам өлтириўшилер, бузық-
лар, сыйқыршылар, бутпаразлар
ҳәм барлық өтирикшилердиң

---

a **20:8** Езк 38:2.

орны – күкирт жанған от көли бо-
лады. Бул – екинши өлим.

### Жаңа Ерусалим

9 Соңынан ақырғы жети бәлеге
толы жети кесеси бар жети периш-
тениң бири жаныма келип:
– Берман кел. Мен саған Қозының
қалыңлығын көрсетемен. Ол Қозы-
ның болажақ келиншеги, – деди.
10 Периште мени Мухаддес Рууҳ-
тың басқарыўында үлкен ҳәм бийик
бир таўға көтерди. Ол жерден маған
аспаннан, Қудайдың жанынан түсип
киятырған мухаддес қала Еруса-
лимди көрсетти. 11 Қала Қудайдың
салтанатына ийе еди. Ол ҳасыл тас
сыяқлы, кристаллдай мөлдир яс-
пис тасы сыяқлы жарқырап тур еди.
12 Қаланың үлкен ҳәм бийик дийўал-
лары болып, он еки дәрўазасы бар
еди. Дәрўазаларды он еки периште
қараўыллайтуғын еди. Дәрўазалар-
ға Израилдың он еки урыўының ат-
лары жазылған еди. 13 Шығыста үш
дәрўаза, арқада үш дәрўаза, қубла-
да үш дәрўаза, батыста үш дәрўаза
бар еди. 14 Қаланың дийўаллары он
еки тийкар тасқа ийе болып, оларда
Қозының он еки елшисиниң атлары
жазылған еди.
15 Мениң менен сөйлескен пе-
риштениң қолында қаланы ҳәм
қаланың дәрўазалары менен дий-
ўалларын өлшеўге арналған алтын
таяқ бар еди. 16 Қала төрт мүйеш-
ли болып, узынлығы менен ени
бирдей еди. Периште қаланы өл-
шейтуғын таяқ пенен өлшегенде,
узынлығы, ени ҳәм бийиклиги бир-
дей болып, ҳәр бир тәрепи еки мың
еки жүз шақырым болып шықты.
17 Периште дийўалларды да өлшеп
шықты. Дийўаллардың бийиклиги
бир жүз отыз еки шығанақ болып
шықты. Периште инсан өлшемин
қолланған еди. 18 Дийўаллар яспис
тасынан, ал қала мөлдир шийше
сыяқлы, сап алтыннан салынған
еди. 19 Қала дийўалларының тий-
кар таслары ҳәр түрли ҳасыл таслар
менен безелген еди. Биринши тий-
кар тасы яшма, екиншиси сапфир,
үшиншиси халкидон, төртиншиси
зүмрет, 20 бесиншиси сардоникс,
алтыншысы сердолик, жетинши-
си хризолит, сегизиншиси берилл,
тоғызыншысы топаз, оныншысы
хризопрас, он бириншиси яқыт,
он екиншиси аметист. 21 Он еки
дәрўаза он еки ҳинжи, яғный ҳәр
бир дәрўаза бир ҳинжиден соғыл-
ған еди. Қаланың көшеси мөлдир
шийше сыяқлы сап алтыннан еди.
22 Мен қалада Ибадатхана көр-
медим. Өйткени Қүдирети күш-
ли Қудай Ийе ҳәм Қозы қаланың
Ибадатханасы еди. 23 Қаланы жақ-
тыландырыў ушын қуяштың яма-
са айдың кереги жоқ еди. Себеби
Қудайдың салтанаты оны жақ-
тыландырып туратуғын еди. Ал
Қозы оның шырасы еди. 24 Миллет-
лер қаланың жақтысында жүреди.
Дүнья патшалары өз даңқ-салтана-
тын ол жерге алып келеди. 25 Қала-
ның дәрўазалары ҳәр қашан ашық
турады, өйткени ол жерде ҳеш қа-
шан түн болмайды. 26 Адамлар өз
миллетиниң даңқ-салтанатын ҳәм
абырайын ол жерге алып келеди.
27 Бирақ ҳеш қандай ҳарам нәрсе,
жеркенишли ислер ислеген ҳәм
жалған сөйлеген ҳеш бир адам ҳеш
қашан оған кирмейди. Тек атлары

Қозының Өмир китабында жазыл-
ғанлар ғана киреди.

**22** 1 Сонда периште маған
кристалл сыяқлы жыл-
тыраған өмир суўының дәрьясын
көрсетти. Бул дәрья Қудайдың ҳәм
Қозының тахтынан шығып, 2 қала-
ның кең көшесиниң ортасы бойлап
ағып тур еди. Дәрьяның еки тәре-
пинде ҳәр айда он еки түрли мийўе
берип туратуғын өмир тереги бар
еди. Теректиң жапырақлары болса,
миллетлердиң шыпа алыўы ушын
арналған еди. 3 Енди ҳеш қандай
ғарғыс болмайды. Қудайдың ҳәм
Қозының тахты қаланың ишинде
болады. Ал хызметшилери Оған
хызмет етеди. 4 Олар Қудайдың жү-
зин көреди, маңлайларына Оның
аты жазылады. 5 Енди түн болмай-
ды. Я шыра жақтысының, я қуяш
жақтысының кереги болмайды.
Себеби Қудай Ийениң Өзи оларға
жақты болады ҳәм олар мәңги-ба-
қый патшалық етеди.

### Ийсаның келиўи

6 Соңынан периште маған бы-
лай деди:
– Бул сөзлер – исенимли ҳәм ҳа-
қыйқат. Өз пайғамбарларына Руў-
хын берген Қудай Ийе жақын арада
болыўы тийис ўақыяларды хыз-
метшилерине билдириў ушын, Өз
периштесин жиберди.
7 «Мине, Мен жылдам келемен!
Бул китаптың пайғамбаршылық
сөзлерин орынлайтуғын адам қан-
дай бахытлы!» – дейди Ийемиз
Ийса.
8 Мен – усыларды еситкен ҳәм
көрген Юханман. Буларды еси-
тип ҳәм көргенимде, усыларды ма-
ған көрсеткен периштеге табыныў
ушын, оның аяқларына жығылдым.
9 Бирақ ол маған:
– Бундай қыла гөрме! Мен де сен,
пайғамбар болған туўысқанларың
ҳәм бул китаптың сөзлерин орын-
лайтуғынлар сыяқлы, Қудайдың
хызметшисимен. Қудайға табын, –
деди.
10 Соңынан ол маған былай деди:
– Бул китаптың пайғамбаршылық
сөзлерин мөрлеп таслама. Өйткени
ўақыт жақын қалды. 11 Жаманлық
қылатуғын адам және де жаманлық
қылыўды даўам етсин. Ҳарам бол-
ған адам ҳарам исин даўам етсин.
Ҳақ болған адам және де ҳақ ис-
лер ислей берсин. Мухаддес бол-
ған адам мухаддес болып қалсын.
12 Ийемиз Ийса былай дейди:
«Мине, Мен жылдам келемен! Бе-
ретуғын сыйым Өзим менен бир-
ге. Ҳәр бир адамға ислерине қарай
қайтараман. 13 Мен – Альфа ҳәм
Омегаман, Биринши ҳәм Соңғы-
ман, Басы ҳәм Ақырыман.
14 Өмир терегинен жеўге ҳуқық
алыў ушын ҳәм қалаға дәрўаза
арқалы кириў ушын кийимлерин
жуўғанлар* қандай бахытлы!
15 Ийтлер – сыйқыршылар, неке
ҳадаллығын бузыўшылар, адам
өлтириўшилер, бутқа табыныўшы-
лар, өтирикти жақсы көрип, жалған
ислерди ислеўшилердиң ҳәммеси
сыртта қалады.
16 Мен, Ийса, исениўши жәмәәт-
лердеги сизлерге бул гүўалықты
жеткизсин деп, Өз периштемди

жибердим. Мен – Даўыттың тамыры ҳәм урпағы,[a] жақты таң жулдызыман».
17 Мухаддес Руўх ҳәм келин: «Кел!» – дейди. Еситкен ҳәр бир адам: «Кел!» – десин. Шөллеген адам келсин, қәлеген адам өмир суўынан ешейин алсын.
18 Бул китаптағы пайғамбаршылық сөзлерин еситкен ҳәр бир адамды ескертип атырман: егер ким де ким бул сөзлерге бир нәрсе қосса, Қудай да оны бул китапларда жазылған бәлелерге дуўшар етеди.
19 Егер ким де ким бул пайғамбаршылық китабының сөзлеринен бир нәрсе алып тасласа, Қудай да оны бул китапта жазылған өмир терегинен ҳәм мухаддес қаладан үлессиз қалдырады*.
20 Буларды гүўалық етип айтқан Ийемиз: «Аўа, Мен жылдам келемен», – дейди.

Аўмийин! Келе гөр, Ийем Ийса!
21 Ийемиз Ийсаның мийрими ҳәммеңизге яр болсын! Аўмийин.

---

a **22:16** Ийш 11:1.

# ҚОСЫМША МАТЕРИАЛЛАР

# Әййемги қолжазбалардағы айырмашылықлар

**Сан 2:14** *Деўел* – Көп қолжазбаларда «Реўел».

**Нзм 32:8** *Иләҳий барлықлар* – Әййемги грекше аўдармадан ҳәм Қумран қолжазбаларынан. Басқа еврейше қолжазбаларда «Израил уллары».

**Бий 14:15** *Төртинши* – Әййемги грек ҳәм сурия тилиндеги аўдармадан. Еврейше қолжазбаларда «Жетинши».

**1Пат 6:19** *жетпис* – Базы еврейше қолжазбалардан. Еврейше қолжазбалардың көпшилигинде ҳәм әййемги грекше аўдармада «елиў мың жетпис».

**1Пат 8:16** *өгиз* – Әййемги грекше аўдармадан. Еврейше қолжазбаларда «жигитлер».

**1Пат 13:1** Еврейше қолжазбаларда бул аят былай басланған: «Шаул патша болғанда ... жаста еди». Еврейшеде жастың саны жоқ. Әййемги грекше аўдарманың базы қолжазбаларында былай жазылған: «Шаул патша болғанда отыз жаста еди».

**1Пат 13:5** *үш мың* – Әййемги грек ҳәм сурия тилиндеги аўдармалардан. Еврейше қолжазбаларда «отыз мың».

**1Пат 20:25** *Ионатан Шаулдың қарсы алдына* – Әййемги грекше аўдармадан. Еврейше қолжазбаларда «Ионатан орнынан турды».

**1Пат 25:22** *Қудай мени жазалаған үстине жазаласын* – Әййемги грекше аўдармадан. Еврейше қолжазбаларда «Қудай душпанларымның жазасын берсин».

**2Пат 15:7** *төрт жыл* – Әййемги грек ҳәм сурия тилиндеги аўдармалардан. Еврейше қолжазбаларда «қырық жыл».

**2Пат 17:25** *израиллы* – Әййемги грекше аўдарманың базы қолжазбаларында ҳәм 1Жлн 2:17 «исмайыллы».

**2Пат 23:18** *сол отыз* – Базы қолжазбаларда «сол үш».

**2Пат 23:19** *отыз* – Базы қолжазбаларда «үш».

**3Пат 4:26** *төрт мың* – Әййемги грекше аўдармадан. Еврейше қолжазбаларда «қырық мың». 2Жлн 9:25 қараң.

**3Пат 9:18** *Тамар* – Базы қолжазбаларда «Тадмор».

**3Пат 11:33** *Сулайман* – Әййемги грек, сурия ҳәм латын тиллериндеги аўдармалардан. Еврейше қолжазбаларда «олар».

**4Пат 25:3** *Төртинши* – Еврейше қолжазбаларда бул сөз жоқ. Ерм 52:5-6 дан алынған.

**1Жлн 1:4** *Нух. Нухтың уллары: Сам, Хам ҳәм Яфет* – Әййемги грекше аўдармадан. Еврейше қолжазбаларда «Нух, Сам, Хам ҳәм Яфет».

**1Жлн 3:5** *Бат-Шуа* – Базы қолжазбаларда «Бат-Шеба».

**1Жлн 4:13** *ҳәм Меонотай* – Әййемги грекше аўдарманың базы қолжазбаларынан ҳәм латынша аўдармадан. Еврейше қолжазбаларда бул сөзлер жоқ.

**1Жлн 9:41** *Питон, Мелех ҳәм Тахреа* – Әййемги латын ҳәм сурия тиллериндеги аўдармаларда Ахаз деген ат та бар. 1Жлн 8:35 қараң.

**1Жлн 11:11** *үш батыр* – Әййемги грекше аўдарманың базы қолжазбаларынан. Және де, 2Пат 23:8 қараң. Еврейше қолжазбаларда «отыз батыр».

**1Жлн 11:20** *үш батыр* – Әййемги сурия тилиндеги аўдармада «отыз батыр». 2Пат 23:18 қараң.

**1Жлн 11:21** *үш батыр* – Әййемги сурия тилиндеги аўдармада «отыз батыр». 2Пат 23:19 қараң.

**2Жлн 22:2** *жигирма еки* – Әййемги грекше аўдарманың базы қолжазбаларынан ҳәм сурия тилиндеги аўдармадан (және 4Пат 8:26 қараң). Еврейше қолжазбаларда «қырық еки».

**2Жлн 36:9** *сегиз* – Бир еврейше қолжазбада, әййемги сурия тилиндеги аўдармада ҳәм грекше аўдарманың базы қолжазбаларында «он сегиз». 4Пат 24:8 қараң.

**Аюп 28:11** *дәрьялардың сағасын табады* – Әййемги грекше ҳәм латынша аўдармалардан. Еврейше қолжазбаларда «дәрьяларды бөгетлейди».

**Заб 144:13** Базы қолжазбаларда мына сөзлер де бар: «Жаратқан Ийе берген ўәдесинде турар, Барлық ислеринде садықлық көрсетер».

**Ерм 27:1** *Седекия* – Базы қолжазбаларда «Еҳояким».

**Ерм 38:28** Базы еврейше қолжазбаларда мына гәп те бар: «Ерусалим қулағанда, усы ўақыялар жүз берди», ал базы еврейше қолжазбаларда, әййемги грек ҳәм сурия тилиндеги аўдармаларда жоқ.

**Езк 22:25** *ҳүкимдарлары* – Әййемги грекше аўдармадан. Еврейше қолжазбаларда «пайғамбарлар топары».

**Езк 42:4** *жүз шығанақ* – Әййемги грек ҳәм сурия тилиндеги аўдармалардан. Еврейше қолжазбаларда «бир шығанақ».

**Езк 42:10** *қубла* – Әййемги грекше аўдармадан. Еврейше қолжазбаларда «шығыс».

**Езк 45:1** *жигирма мың шығанақ* – Әййемги грекше аўдармадан (және усы баптың 3-5 аятларына ҳәм 48:9-13 ке қараң). Еврейше қолжазбаларда «он мың шығанақ».

**Езк 48:9** *жигирма мың шығанақ* – Әййемги грекше аўдарманың бир қолжазбасынан (және усы баптың 10-13 аятларына ҳәм 45:1-5 ке қараң). Еврейше қолжазбаларда «он мың шығанақ».

**Мих 6:16** *Барлық халықлардың алдында* – Әййемги грекше аўдармадан. Еврейше қолжазбаларда «Мениң халқымның алдында».

**Хаб 2:5** *Байлық* – Қумран қолжазбасынан. Басқа еврейше қолжазбаларда «Шарап».

**Мат 1:11** *Иошиядан Ехония* – Базы қолжазбаларда «Иошиядан Еҳояким, Еҳоякимнен Ехония».

**Мат 1:25** *улын* – Базы қолжазбаларда «туңғыш улын».

**Мат 5:22** *бийкарға* – Базы қолжазбаларда «бийкарға» деген сөз жоқ.

**Мат 5:44** *сизлерди қуўдалайтуғынлар ушын дуўа етиңлер* – Айырым қолжазбаларда «сизлерди ғарғағанларды жарылқаң. Сизлерди жек көргенлерге жақсылық қылың. Сизлерге қопал қатнас жасағанлар ҳәм қуўдалағанлар ушын дуўа етиң».

**Мат 15:8** *Бул халық сыйлар Мени тили менен* – Базы қолжазбаларда «Бул халық аўзы менен маған жақынлап, тили менен мени сыйлар».

**Мат 17:21** Базы қолжазбаларда 21-аят та бар: «Бирақ, жинлердиң бундай түрин тек дуўа етиў ҳәм ораза тутыў арқалы қуўып шығарыўға болады».

**Мат 18:11** Базы қолжазбаларда 11-аят та бар: «Себеби Адам Улы жойтылғанларды қутқарыў ушын келди».

**Мат 19:9** Базы қолжазбаларда мына сөзлер де бар: «Ажырасқан ҳаялды алған адам да неке ҳадаллығын бузған болады».

**Мат 19:29** Базы қолжазбаларда «ҳаялын» деген сөз де бар.

**Мат 20:7** Базы қолжазбаларда «өзлериңизге тийисли ҳақыларыңызды аласызлар» деген сөзлер де бар.

**Мат 20:16** Базы қолжазбаларда мына сөзлер де бар: «Себеби шақырылғанлар көп, таңланғанлар аз».

**Мат 20:22** Базы қолжазбаларда мына сөзлер де бар: «Мениң шомылдырылатуғынымдай, шомылдырыла аласызлар ма?»

**Мат 20:23** Базы қолжазбаларда мына сөзлер де бар: «Мениң шомылдырылғанымдай, сизлер де солай шомылдырыласызлар».

**Мат 23:14** Базы қолжазбаларда 14-аят та бар: «Ҳәсирет шегесизлер, диний муғаллимлер ҳәм парисейлер, еки жүзлилер! Себеби жесирлердиң үйлерин жалмап жутып, көзге көриниў ушын узақ дуўа етиўши сизлер бул ушын аўыр жаза аласызлар».

**Мат 24:36** *Улдың Өзи де* – Бул сөзлер кейинги қолжазбаларда жоқ.

**Мат 25:30** Базы қолжазбаларда мына сөзлер де бар: «Усыларды айтып турып, Ийса былай деди: „Қулағы бар адам жақсылап еситип алсын!“».

**Мрк 1:2** *Ийшая пайғамбардың китабында* – Базы қолжазбаларда «Пайғамбарлардың китабында».

**Мрк 6:11** Базы қолжазбаларда мына сөзлер де бар: «Сизлерге шынын айтаман, ҳүким күнинде Содом менен Гомораның аўҳалы сол қаланың аўҳалынан жақсырақ болады».

**Мрк 7:8** Базы қолжазбаларда мына сөзлер де бар: «Сизлер кесе ҳәм гүзелерди жуўасызлар ҳәм соған уқсаған ислерди қыласызлар».

**Мрк 7:16** Базы қолжазбаларда 16-аят та бар: «Қулағы бар адам жақсылап еситип алсын!»

**Мрк 7:24** *Тир* – Базы қолжазбаларда «Тир ҳәм Сидон».

**Мрк 9:44** Базы қолжазбаларда усы аят 48-аят пенен бирдей.

**Мрк 9:46** Базы қолжазбаларда усы аят 48-аят пенен бирдей.

**Мрк 9:49** Базы қолжазбаларда мына сөзлер де бар: «Барлық қурбанлықлар дуз бенен дузланады».

**Мрк 11:26** Базы қолжазбаларда 26-аят та бар: «Егер сизлер басқалардың гүналарын кеширмесеңлер, аспандағы Әкеңиз де сизлердиң гүналарыңызды кеширмейди».

**Мрк 13:33** Базы қолжазбаларда «...ҳәм дууа етиңлер» деген сөзлер де бар.

**Мрк 14:68** Базы қолжазбаларда мына сөзлер де бар: «Сол ўақытта қораз шақырды».

**Мрк 14:70** Базы қолжазбаларда мына сөзлер де бар: «Сениң сөйлеўиң жүдә уқсас».

**Мрк 15:28** Базы қолжазбаларда 28-аят та бар: «„Ол жынаятшыларға қосып саналды“, – деген Мухаддес Жазыў орынланды».

**Лук 1:28** Базы қолжазбаларда мына сөзлер де бар: «Ҳаяллар арасында сен жарылқанғансаң».

**Лук 4:4** Базы қолжазбаларда «ал Қудайдың ҳәр бир сөзи арқалы» деген сөзлер де бар.

**Лук 4:8** *Мухаддес Жазыўда* – Базы қолжазбаларда бул сөздиң алдында «Жоқ бол, шайтан!» деген сөз де бар.

**Лук 4:18-19** Базы қолжазбаларда мына сөзлер де бар: «Мени жаралы жүреклерди емлеў ушын жиберди».

**Лук 5:38** Базы қолжазбаларда мына сөзлер де бар: «Сонда екеўи де сақланады».

**Лук 6:9** Базы қолжазбаларда мына сөзлер де бар: «Олар үндемеди».

**Лук 8:3** *Ийсаға ҳәм Оның шәкиртлерине* – Базы қолжазбаларда «Оған» (Ийсаға), басқаларында «оларға», (Ийсаға ҳәм Оның шәкиртлерине).

**Лук 8:15** Базы қолжазбаларда мына сөзлер де бар: «Ийса усыларды айтып болғаннан соң даўыслап: Қулағы бар адам жақсылап еситип алсын! – деди».

**Лук 8:45** *Петр* – Базы қолжазбаларда «Петр менен жанындағылар».

**Лук 8:45** Базы қолжазбаларда мына сөзлер де бар: «Неге: „Маған ким қолын тийгизди?“, – деп сорайсаң?»

**Лук 8:54** Базы қолжазбаларда «... олардың ҳәммесин сыртқа шығарып жиберип атырып» деген сөзлер де бар.

**Лук 9:10** *Бетсайда деп аталған қалаға* – Базы қолжазбаларда «Бетсайда деген қалаға жақын жердеги бир шөлге».

**Лук 9:54** Базы қолжазбаларда «Илиястың ислегениндей» деген сөзлер де бар.

**Лук 9:55** *оларға кейиди* – Базы қолжазбаларда «оларға кейип, былай деди: „Сизлер қайсы руўхқа тийисли екениңизди билмейсиз“».

**Лук 9:56** *Соңынан олар басқа аўылға кетти* – Базы қолжазбаларда: «„Себеби Адам Улы адамларды жоқ қылыў ушын емес, ал оларды қутқарыўға келди.“ Соңынан олар басқа аўылға кетти».

**Лук 10:1** *жетпис еки* – Базы қолжазбаларда «жетпис». Және 17-аятта да сондай.

**Лук 11:2** *Әке!* – Базы қолжазбаларда «Аспандағы Әкемиз!»

**Лук 11:2** Базы қолжазбаларда мына сөзлер де бар: «Аспанда орынланғаны сыяқлы, жерде де Сениң еркиң орынлансын».

**Лук 11:4** Базы қолжазбаларда мына сөзлер де бар: «Шайтаннан қутқара гөр».

**Лук 11:11** Базы қолжазбаларда «...нан сораса, оған нан орнына тас береди. Я болмаса» деген сөзлер де бар.

**Лук 14:24** Базы қолжазбаларда мына сөзлер де бар: «Өйткени мирәт етилгенлер көп, ал таңлап алынғанлар аз».

**Лук 17:36** Базы қолжазбаларда 36-аят та бар: «Еки адам атызда болса, биреўи алынып, екиншиси қалдырылады».

**Лук 20:23** Базы қолжазбаларда мына сөзлер де бар: «Сизлер Мени неге сынап атырсызлар?»

**Лук 22:47** Базы қолжазбаларда мына сөзлер де бар: «Себеби бул белгини ол оларға берген еди: Мен кимди сүйсем, Ол – Соның Өзи».

**Лук 22:68** Базы қолжазбаларда «...ҳәм сизлер мени жибермейсизлер» деген сөзлер де бар.

**Лук 23:17** Базы қолжазбаларда 17-аят та бар: «Пилат ҳәр Қутқарылыў байрамында олар ушын бир тутқынды босатып жибериўи керек еди».

**Лук 23:38** Базы қолжазбаларда «... грек, латын ҳәм еврей тиллеринде» деген сөзлер де бар.

**Лук 24:1** Базы қолжазбаларда «...олар менен тағы басқалар» деген сөзлер де бар.

**Юхн 1:27** Базы қолжазбаларда мына сөзлер де бар: «Бирақ Ол меннен алдын бар еди».

**Юхн 3:15** *адам* – Базы қолжазбаларда «адам өлмейди, ал» деген сөзлер де бар.

**Юхн 5:3-4** Базы қолжазбаларда 3-аяттың ақырында ҳәм 4-аятта мына сөзлер де бар: «Олар суўдың қозғалыўын күтип жататуғын еди. Себеби Жаратқан Ийениң бир периштеси ара-тура ҳәўизге түсип, суўды ҳәрекетке келтиретуғын еди. Суў қозғалғаннан соң, биринши болып суўға түскен адам қандай аўырыў болса да, аўырыўына шыпа табатуғын еди».

**Юхн 5:16** Базы қолжазбаларда «...ҳәм Оны өлтириўдиң жолын излей» деген сөзлер де бар.

**Юхн 6:11** *отырғанларға үлестирип берди* – Базы қолжазбаларда «шәкиртлерине берди, шәкиртлери отырғанларға үлестирип берди» делинген.

**Юхн 6:69** *Қудайдың Мухаддеси* – Базы қолжазбаларда «Масийх, тири Қудайдың Улы».

**Юхн 8:9** Базы қолжазбаларда «... ҳүжданлары әшкара болып» деген сөзлер де бар.

**Юхн 8:59** Базы қолжазбаларда мына сөзлер де бар: «Ол олардың арасынан өтип кетти ҳәм жолын даўам етти».

**Юхн 9:35** *Адам Улына* – Базы қолжазбаларда «Қудай Улына».

**Юхн 12:47** *орынламаса* – Базы қолжазбаларда «исенбесе».

**Юхн 16:16** Базы қолжазбаларда мына сөзлер де бар: «Себеби Мен Әкемниң алдына баратырман».

**Юхн 17:11** *Маған берген Өз атыңның күши менен оларды сақла* – Базы қолжазбаларда: «Өз атыңның күши менен Маған бергенлериңди сақла».

**Юхн 17:12** *Сениң Маған берген атыңның күши менен оларды қорғап*

*сақладым* – Базы қолжазбаларда: «...атыңның күши менен оларды қорғадым. Маған бергенлериңди сақладым».

**Юхн 20:20** Әййемги славянша аўдармада «ҳәм аяқларын» деген сөзлер де бар.

**Елш 7:37** Базы қолжазбаларда мына сөзлер де бар: «Оған қулақ салыңлар».

**Елш 8:37** Базы қолжазбаларда 37-аят та бар: «Филип оған: „Егер шын кеўлиң менен исенсең, болады“, – деди». «Ийса Масийхтың Қудайдың Улы екенине исенемен, – деп жуўап берди ўәзир».

**Елш 8:39** *Ийемиздиң Руўхы Филипти бирден алып кетип* – Базы қолжазбаларда: «Мухаддес Руўх ўәзирди бийлеп алды ҳәм Қудайдың перииштеси Филипти бирден алып кетти».

**Елш 9:5** Әййемги базы аўдармаларда 5-аяттың ақырында ҳәм 6-аяттың басында мына сөзлер де бар: «Сениң қәўипке қарсы турыўың қыйын болады. [6] Шаул қалтырап ҳәм қорқыныш ишинде: „Ийе, мениң не ислеўимди қәлейсең?“ – деди. Ийса оған:».

**Елш 10:6** Базы қолжазбаларда мына сөзлер де бар: «Ол саған сени ҳәм пүткил хожалығыңды қутқаратуғын сөзлерди айтады».

**Елш 10:30** *усындай ўақытта, түстен кейин саат үште үйде дуўа етип отыр едим* – Базы қолжазбаларда: «усындай ўақытқа дейин мен ораза услап, саат үшлерде дуўа етип атырған едим».

**Елш 10:32** Базы қолжазбаларда мына сөзлер де бар: «Ол келип, саған сөз айтады».

**Елш 14:10** *Аяқларыңда тик тур* – Базы қолжазбаларда: «Ийса Масийхтың аты менен саған айтаман: аяқларыңда тик тур».

**Елш 14:18** Базы қолжазбаларда мына сөзлер де бар: «Оларды үйлерине қайтарды. Өзлери болса және сол жерде тәлим бериўди даўам етти».

**Елш 14:19** *айырым яҳудийлер халықты өз тәрепине аўдырып* – Базы қолжазбаларда «айырым яҳудийлер халықты өз тәрепине аўдырды. Елшилер батыллық пенен ўаз етип турғанда, сол яҳудийлер: „Олар ҳеш қандай шынлықты айтқаны жоқ, ҳәмме сөзлери жалған“, – деп, халықты елшилерден жүз бурыўға шақырып» деген сөзлер де бар.

**Елш 15:4** Базы қолжазбаларда «...ҳәм басқа миллетлерге исеним қапысын қалай ашқанын» деген сөзлер де бар.

**Елш 15:20** Базы қолжазбаларда «...өзлериңиз ушын қәлемеген нәрсени, өзгеге ислемеў кереклигин» деген сөзлер де бар.

**Елш 15:24** Базы қолжазбаларда «...сүннет етилип, нызамға әмел қылыў керек, деп» деген сөзлер де бар.

**Елш 15:29** Базы қолжазбаларда мынадай сөзлер де бар: «Өзлериңиз ушын қәлемеген нәрсени өзгеге ислемеңлер».

**Елш 15:34** Базы қолжазбаларда 34-аят та бар: «Бирақ Сила сол жерде қалыўға қарар етти». Басқа бир қолжазбада: «Бирақ Сила, сол жерде қаламыз деп шешти ҳәм Яҳуда Ерусалимге қайтты».

**Елш 18:21** *Қудай қәлесе, сизлерге және қайтып келемен* – Базы

қолжазбаларда: «Жақынлап қалған байрамды Ерусалимде өткериўим керек. Қудай қәлесе, сизлерге және қайтып келемен».

**Елш 20:15** Базы қолжазбаларда «Трогиллионда тоқтағаннан кейин» деген сөзлер де бар.

**Елш 22:9** *...нурды көрсе де* – Базы қолжазбаларда «...нурды көрип, қорқынышқа түсти».

**Елш 23:9** Базы қолжазбаларда мына сөзлер де бар: «Қудайға қарсы урысыўшы болмайық».

**Елш 24:6-8** Базы қолжазбаларда 6-аяттың ақырында, 7-аят ҳәм 8-аяттың басында мына сөзлер бар: [6] «Бизлер оны нызамымыз бойынша ҳүким етпекши болдық. [7] Бирақ мыңбасы Лисяс келип, оны бизлердиң қолымыздан тартып алды да, [8] оның айыплаўшыларына сизиң алдыңызға барыўды буйырды».

**Елш 26:32** Базы қолжазбаларда мына сөзлер де бар: «Солай етип, ҳәким оны императорға жибериўди шешти».

**Елш 28:16** *Римге келгенимизде, Павелге* – Базы қолжазбаларда «Римге келгенимизде, жүзбасы қамақтағыларды бас сақшыға тапсырды. Бирақ Павелге».

**Елш 28:29** Базы қолжазбаларда 29-аят та бар: «Павелдиң бул сөзлеринен соң, яҳудийлер өз ара қатты тартысып, сол жерден кетип қалды».

**1Пет 4:1** Базы қолжазбаларда «бизлер ушын» деген сөзлер де бар.

**1Пет 4:14** Базы қолжазбаларда мына сөзлер де бар: «Олар тәрепинен Оған тил тийгизиледи, бирақ сизлер тәрептен Ол алғысланады».

**2Пет 3:10** *жер ҳәм жер бетиндеги ҳәр бир нәрсе жанып күлге айланады* – Базы қолжазбаларда «жер ҳәм жердеги ҳәмме нәрсе аян болады».

**1Юхн 4:19** *Бизлер бир-биримизди сүйемиз* – Базы қолжазбаларда «Бизлер Қудайды сүйемиз».

**1Юхн 5:7-8** *Гүўалық беретуғынлар үшеў: [8] Мухаддес Руўх, суў ҳәм қан.* – Базы кейиниректеги қолжазбаларда «Аспанда үш нәрсе гүўалық береди: Әке, Сөз ҳәм Мухаддес Руўх. Бул үшеўи биреў. [8] Жерде де гүўалық беретуғын үшеў: Руўх, суў ҳәм қан».

**Рим 8:1** Базы қолжазбаларда «...яғный дене қәлеўи менен емес, ал Руўхтың жетелеўи менен жасайтуғынларға» деген сөзлер де бар.

**Рим 8:28** *Қудай Өзин сүйетуғынларға, яғный Оның қәлеўи бойынша таңланғанларға ҳәмме нәрсени жақсылық қылып хызмет еттиретуғынын билемиз* – Базы қолжазбаларда: «Қудайды сүйетуғынларға, яғный Оның қәлеўи бойынша таңланғанларға ҳәмме нәрсе жақсылық болып хызмет ететуғынын билемиз».

**Рим 8:35** *Масийхтың* – Базы қолжазбаларда «Қудайдың».

**Рим 13:9** Базы қолжазбаларда «...ҳеш кимге қарсы жалған гүўалық берме» деген сөзлер де бар. Шығ 20:16 қараң.

**Рим 14:6** Базы қолжазбаларда мынадай сөзлер де бар: «Күнлерге итибар бермейтуғын, Ийемиз ушын сондай қылады».

**Рим 14:10** *Қудайдың* – Базы қолжазбаларда «Масийхтың».

**Рим 14:23** Базы қолжазбаларда 16-баптың 25, 26, 27-аятлары усы бапқа 24, 25, 26-аятлар етип бириктирилген.

**Рим 16:6** *Сизлер ушын* – Базы қолжазбаларда «Бизлер ушын».

**Рим 16:24** Базы қолжазбаларда 24-аят та бар: «Ийемиз Ийса Масийхтың мийрими ҳәммеңизге яр болсын! Аўмийин».

**Рим 16:25-27** Базы қолжазбаларда 25-27-аятлар 14:23-аяттың изине тиркелген.

**1Кор 2:1** *сырын* – Базы қолжазбаларда «гүўалығын».

**1Кор 4:16** *меннен өрнек алыңлар* – Базы қолжазбаларда «мениң Масийхтан өрнек алғаным сыяқлы, меннен өрнек алыңлар».

**1Кор 6:20** Базы қолжазбаларда «...ҳәм Қудайға тийисли болған руўхыңыз» деген сөзлер де бар.

**1Кор 10:9** *Ийемизди* – Базы қолжазбаларда «Масийхты».

**1Кор 10:28** Базы қолжазбаларда мына сөзлер де бар: «Себеби жер Ийемиздики, оны толтырып турғанлар да».

**2Кор 1:12** *ҳадаллық* – Базы қолжазбаларда «мухаддеслик».

**2Кор 3:2** *бизлердиң жүреклеримизде* – Базы қолжазбаларда «сизлердиң жүреклериңизде».

**2Кор 8:7** *бизлерге деген сүйиспеншиликте* – Базы қолжазбаларда «бизлердиң сизлерге деген сүйиспеншилигимизде».

**Гал 3:1** *Сизлерди ким сыйқырлап таслады?* – Базы қолжазбаларда мынадай: «Ҳақыйқатқа бойсынбайтуғындай, ким сизлерди сыйқырлап таслады?»

**Гал 5:21** Базы қолжазбаларда «адам өлтириў» деген сөзлер де бар.

**Эфс 3:9** Базы қолжазбаларда «Ийса Масийх арқалы» деген сөзлер де бар.

**Эфс 3:14** *аспандағы Әкемиздиң алдында* – Базы қолжазбаларда «Ийемиз Ийса Масийхтың Әкесиниң алдында».

**Эфс 5:30** Базы қолжазбаларда «...Оның етиниң ҳәм сүйеклериниң» деген сөзлер де бар.

**1Сал 1:1** *Қудайдың* – Базы қолжазбаларда «Әкемиз Қудайдың ҳәм Ийемиз Ийса Масийхтың».

**1Тим 1:17** Базы қолжазбаларда «дана» деген сөз де бар.

**1Тим 5:16** *исениўши бир ҳаялдың* – Базы қолжазбаларда «исениўши бир ер ямаса ҳаял адамның».

**1Тим 6:5** Базы қолжазбаларда мына сөзлер де бар: «Бундай адамлардан аўлақ бол».

**Евр 2:7** Базы қолжазбаларда мына сөзлер де бар: «Қолың менен дөреткенлериңниң үстинен оны ҳүкимдар қылдың».

**Евр 9:11** *пайда болған жақсы нәрселердиң* – Базы қолжазбаларда: «келешектеги жақсы нәрселердиң».

**Аян 1:11** Базы қолжазбаларда мына сөзлер де бар: «Мен Альфа ҳәм Омегаман, Басы ҳәм Ақырыман».

**Аян 2:9** Базы қолжазбаларда «ислериңди» деген сөз де бар.

**Аян 2:13** *Шайтанның тахты турған жерде жасайтуғыныңды* – Базы қолжазбаларда «Ислериңди ҳәм шайтанның тахты турған жерде жасайтуғыныңды».

**Аян 5:14** *табынды* – Базы қолжазбаларда «мәңги-бақый Жасаўшыға табынды».

**Аян 8:13** *бүркитти* – Базы қолжазбаларда «периштени».

**Аян 11:17** Базы қолжазбаларда «келешекте де бар боласаң» деген сөзлер де бар.

**Аян 13:1** *Айдарҳа теңиз жағасында турып алды* – Базы қолжазбаларда «Мен теңиз жағасында турған едим».

**Аян 14:5** *минсиз адамлар* – Базы қолжазбаларда «Қудайдың тахтының алдында минсиз адамлар».

**Аян 15:3** *миллетлер Патшасы* – Базы қолжазбаларда «әўладлардың Патшасы».

**Аян 18:3** *Өйткени барлық миллетлер, Оның бузықшылығының күшли шарабын ишти* – Базы қолжазбаларда «Өйткени ол өз бузықшылығының күшли шарабын барлық миллетлерге ишкизди».

**Аян 22:14** *кийимлерин жуўғанлар* – Базы қолжазбаларда «Оның буйрығына бойсынғанлар».

**Аян 22:19** *бул китапта жазылған өмир терегинен ҳәм мухаддес қаладан үлессиз қалдырады* – Әййемги латын аўдармасында «өмир китабынан, мухаддес қаладан ҳәм усы китапта жазылғанлардан бийнесип қылады». Бул вариант грекше қолжазбаларда жоқ.

# Сөзлик

**Адам Улы** – «Хош Хабар» китапларында Ийса Масийх Өзине ислеткен атақ. Ийса жасаған дәўирде яҳудийлер бул атақ астында дүньяға ҳүким ҳәм қутқарылыў алып келетуғын Қудайдың ўәкилин түсинген. Даниел пайғамбарға берилген аянда инсан сүлдериндеги бул зат туўрысында пайғамбаршылық қылынған (Дан 7:13-14; Мат 13:37; Мрк 2:10; 8:31; 10:45; Лук 7:34; 9:58; 17:22-30; Аян 1:13).

**амалек халқы, амалеклер** – Израил халқы Қанан жерин ийелеместен алдын сол жерде жасаған халықлардың бири. Амалек халқы көшпели халық болып, әсиресе Өли теңиздиң қубла ҳәм шығыс тәреплеринде жасаған. Израил халқы Мысырдан шығып киятырғанда, амалек халқы оларға ҳүжим қылған еди. Соннан баслап амалек халқы Израил халқының душпаны болып қалды (Шығ 17:8-16; Нзм 25:17-19; 1Пат 15:2; 30:1).

**аммон халқы, аммонлар** – Бул халық Ибрайымның иниси Луттың әўладынан еди. Аммон халқы қудай Молохқа табынған. Олар Иордан дәрьясының шығысында жасаған. Аммон халқы Израил халқының душпаны болып, филист халқы менен келисим дүзген. Аммон елиниң пайтахты сол дәўирде Рабба қаласы еди. Ал ҳәзир Амман қаласы болып, ол Иордания мәмлекетиниң пайтахты (Жар 19:38; Сан 21:21-25; 1Пат 11:1-2; 2Пат 12:26).

**амор халқы, аморлар** – Израил халқы Қанан жерин ийелеместен алдын амор халқы Қанан жеринде жасаған ҳәм сол жерде жасаған халықлардан сан жағынан көбирек ҳәм күшлирек болған. Сол ўақытта Қанан жеринде жасаған халықлардың ҳәммеси «амор халқы» деп те аталған (Жар 15:16; Ешу 24:15; Бий 6:10; 3Пат 21:26).

**анақ халқы, анақлар** – Анақтың әўладлары, Израил халқы Қанан жерин ийелеместен алдын сол жерде жасаған халықлардың бири. Бул халықтың адамлары жүдә бәлент бойлы, күшли болған деп айтылады (Сан 13:33-34; Нзм 2:10-11, 20-21).

**Арам** – Бул атама Ески Келисимде арамейше сөйлесетуғын халықлар жасайтуғын бир неше аймаққа қолланылған. Бул аймақлардың бири Евфрат дәрьясының бойында, ҳәзирги Сирия мәмлекетиниң арқа тәрепинде ҳәм ҳәзирги Туркияның қубла-шығысында еди. Ибрайым бир қанша ўақыт даўамында сол аймақта жасаған, оның ағайинлериниң базылары сол жерде жасап қалған. Евфрат дәрьясынан батыс ҳәм қублаға созылған, Қанан аймағына жақын болған жерлерге

де Арам аты қолланылып, Дамаск қаласы усы жерлердиң орайы болып есапланған. Бул аймақлардың ҳәммеси Александр Македонский тәрепинен басып алынғаннан соң Сирия аты менен танылған (Жар 22:20-22; 25:20; 28:5; 3Пат 20:1; 4Пат 8:28-29).

**арфа** – Тарлы саз әсбап (1Пат 10:5; 3Пат 10:12; 1Жлн 13:8; 2Жлн 5:12; Нхм 12:27; Заб 56:9; 70:22; 80:3).



**Аспан Патшалығы** – Инсанлардың өмиринде Қудайдың ҳүкимдарлығына ҳәм ҳәр бир жаратылған жанзаттың ақыретте жаңаланыўына силтеме береди. Бул сөз тек ғана Матта китабында болып, «Қудайдың Патшалығы» мәнисин береди. Толық мағлыўматқа ийе болыў ушын ҚУДАЙДЫҢ ПАТШАЛЫҒЫ сөзине қараң (Мат 4:17; 5:3-10; 13-бап; 20:1-16; 22:1-14).

**Ассирия** – Әййемги қүдиретли патшалық. Оның пайтахты Ниневия, ҳәзирги Ирактың арқа тәрепинде жайласқан еди. Б. э. ш. 722-жылы ассириялылар Израилды, яғный арқа патшалықты басып алды. Олар Израил халқының көпшилик бөлегин тутқын етип алып кетти. Ассирия патшасы басқа халықларды Израил елине мәжбүрлеп көширди. Б. э. ш. 612-жылы аўқамлас болған душпан ләшкерлери Бабилония ҳәм Мидия басшылығында Ниневияны ўайран қылды. Көп узамай Ассирия патшалығы өз ғәрезсизлигин жойтты (4Пат 17:1-6, 24; 18:9-37; 2Жлн 32:1-21).

**атанақ ағаш** – Рим империясында өлим жазасының бир түри болып, жазаға тартылған адамды атанақ ағашқа шегелейтуғын еди. Узын бақанға бир ағашты кесесине шегелеп ямаса жип пенен байлап атанақ ағаш соғылған. Атанақ ағашқа шегелеў жүдә қорқынышлы ҳәм шермендели жаза есапланған. Тек ғана адам өлтириўшилер, жаўыз жынаятшылар ҳәм Рим империясының душпанлары усындай жазаға тартылатуғын еди. Жынаятшы ашық орында аламанның көз алдында жалаңаш түрде жазаланатуғын еди. Буннан мақсет жынаятшыны шермende қылыў ҳәм жынаятлардың алдын алыў еди. Яҳудийлер ағашқа шегеленген адамды Қудай нәлетлеген деп есаплайтуғын еди. Жаңа Келисимде базыда «ағаш» дегенде «атанақ ағаш» нәзерде тутылған (Нзм 21:22-23; Мат 27-бап; Мрк 15-бап, Юхн 19-бап; Елш 5:30; 1Пет 2:24; Гал 3:13).

**Ашера (кийели ағаш)** – Қанандағы халықлардың сыйынған

қудайы. Ол мол өнимдарлық қудайы болып, ҳаял көринисинде сәўлеленген. Ашера базыда кийели ағаш сыпатында болған. Оның еркек жубайы Баал еди (Шығ 34:13; Нзм 16:21; Бий 6:25; 4Пат 17:10; 21:7).

**Аштарта** – Қанандағы халықлардың табынған қудайы. Ол өнимдарлық, саўаш ҳәм муҳаббат қудайы болып, ҳаял көринисинде сәўлеленген (Бий 2:13; 10:6; 1Пат 31:10; 3Пат 11:5, 33).

**Ашытқысыз нан байрамы** – Бул байрам еврей календарының биринши айы – абиб айының 15-21-күнлеринде жети күн даўамында белгиленген (абиб айы нисан айы деп те аталады). Ҳәзирги календарь бойынша бул ай марттың ортасынан басланады. Израил халқы сол жети күн даўамында Қудайдың оларды Мысырдан алып шыққанын еслеген. Бул байрам Қутқарылыў байрамынан соң бир күннен кейин басланып, бир ҳәпте даўам еткен. Соның ушын, Жаңа Келисимниң базы жерлеринде Қутқарылыў байрамы менен Ашытқысыз нан байрамы «Қутқарылыў байрамы» деп аталған (Шығ 12:15-20; 13:3-10; 23:15; 34:18; Леб 23:6-8; Сан 28:17-25; Нзм 16:3-4, 8).

**Әке** – Ески Келисимниң базы бөлимлеринде Қудай Израил халқының Әкеси деп сүўретленген. Жаңа Келисимде болса Қудайдың Өз халқының Әкеси екенлиги ҳаққындағы түсиник және де ашық айтылған. Ийса Масийх Қудайды Әке деп шақырған. Ийса Өзин Қудайдың жалғыз улы екенин, Әкеси Қудай тәрепинен бул дүньяға жиберилгенин ҳәм Оның менен жақын мүнәсибетте екенин тастыйықлаған. Сондай-ақ, Ийса Өз шәкиртлерине де Қудайды аспандағы ҳақыйқый Әке деп билиўди үйреткен. Ийсаға исенип, Оған ергенлер Қудай менен жақын мүнәсибет орнатып, Қудайдың толық сүйиспеншилигине ийе болады. Қудай мийирман әкедей оларға ғамхорлық қылады (Шығ 4:22; Нзм 32:6; Ийш 63:16; Мал 1:6; 2:10; Мат 6:8-9; Юхн 1:14, 18; 14:6; Рим 8:15; Гал 4:6).

**әмеңгер** – Бул сөз қыйын жағдайда қалған ағайинине жәрдем беретуғын адамға айтылған. Муўсаның нызамы бойынша, биреўдиң жақын ағайинлериниң бири кәмбағал жағдайда қалып, қуллыққа сатылғанда, ол ағайини ушын төлем төлеп, оны қуллықтан азат етиўи керек. Сондай-ақ, ағайининиң бири меншик жерин сатып, жеринен айырылғанда, ол ағайининиң жерин қайтарып алып бериўи тийис. Және де, оған айыпсыз өлтирилген ағайининиң өшин алып бериў ўазыйпасы да жүкленген (Леб 25:25-26, 47-49; Рут 3;12; 4:4, 6). Сондай-ақ, қуллықта болған Израилды азат еткен Қудайға да Әмеңгер деп айтылады (Ийш 41:14, 47:4).

**Баал** – Қанандағы халықлардың табынған ҳасылдарлық қудайы болып, еркек көринисинде сәўлеленген. Оның ҳаял жубайы Ашера болған. Қананлылар ең күшли қудай – Баал, деп исенген. Баал сөзи – хожайын, деген мәнини билдирип, базыда

еркеклердиң атына қосып қолланылған. Айырым жағдайларда қала ямаса жай атамаларына да қосылған. Баал сөзи қосып аталған сол жерлерде Баалға арналған кийели тас болған ямаса Баалға айрықша усыл менен табынған болыўы мүмкин (Бий 6:25, 28; 3Пат 16:32; 4Пат 1:2; 10:26-28).

**Бабилония, Бабилон** – Бабилония әййемги қүдиретли патшалық. Оның пайтахты Бабилон ҳәзирги Ирактың қубла тәрепинде жайласқан еди. Б. э. ш. 586-жылы Бабилония ләшкери Яҳуданы, яғный қубла патшалықты басып алған ҳәм көп адамларды Бабилонияға сүргин қылып алып кеткен еди. Кейин Бабилония ели Персия империясы ҳүкимдарлығының қол астында болғанда, базы яҳудийлер Яҳуда елине қайтып келген. Қалған яҳудийлер болса Бабилонияда жасап қала берген. Бабилон қаласы көп жыллар даўамында яҳудийлердиң диний тәлим орайы болған еди (4Пат 24:1, 7, 17; 25:1-12; Дан 1:1-6; 5:30-31; Эзр 1:11).

**Башан** – Төбешик ҳәм тоғай менен қапланған тегисликлерден ибарат ел. Бул үлке Киннерет, яғный Галила көлиниң ҳәм Иордан дәрьясының шығыс тәрепинде жайласқан. Башан Гилад елиниң арқа тәрепинде жайласқан болып, семиз ири ҳәм майда маллары менен және де, сапалы дәнлери менен даңқ таратқан еди (Сан 32:33; Нзм 3:11, 13; 4Пат 10:33; Ерм 50:19).

**Галила үлкеси** – Галила көлиниң ҳәм Иордан дәрьясының батыс тәрепинде, Самария үлкесиниң арқасында жайласқан таўлы жер. Әййемги Палестина сыяқлы Галила да б. э. ш. 63-жылы Рим империясы тәрепинен басып алынған. Көп әсирлер даўамында бул үлке жат халықлар ҳүкимдарлығы астында болғанлықтан, үлке турғынларының арасында көплеген яҳудий емес халықлар жасаған. Соның ушын, басқа яҳудийлер галилалыларға пәс нәзер менен қарайтуғын болған. Ийсаның балалық ҳәм өспиримлик дәўири Галиладағы Насыра қаласында өткен. Ийса Өз хызметин көбинесе сол Галилада алып барған (Ийш 9:1-2; Мат 4:12-16).

**Гилад** – Иордан дәрьясының шығыс тәрепиндеги үлке. Гиладтың қубла тәрепинде Моаб ели, арқа тәрепинде болса Башан деген жер жайласқан еди (Нзм 3:10; Ешу 17:5; 2Пат 17:24-26; 3Пат 22:3; Ерм 8:22; 46:11).

**гиргаш халқы** – Израил халқы Қанан жерин ийелеместен алдын сол жерде жасаған халықлардың бири. Гиргаш халқы Қанан елиниң қайсы жеринде жасағаны анық емес (Жар 15:21; 1Жлн 1:14).

**гүна** – Қудайдың буйрықларын бузыў, жаман ис қылыў ямаса жақсылық қылыўдан бас тартыў дегени. Мухаддес Китап бойынша, гүна түсиниги тек ғана адамның ис-ҳәрекетлерин емес, ал оның Қудайға ямаса адамларға қарсы ой-қыялларын да өз ишине алады. Қудайдың талабы бойынша, ҳәр бир адам Қудайды пүткил жүреги менен, жаны менен, пүткил барлығы менен, бар күши менен сүйиўи керек. Ийса Масийх, адам

ҳәттеки ой-қыялында гүна қылса да ҳүким қылынады, деп тәлим берген. Соның менен бирге, ғәзеп, менменлик, мақтаншақлық, қызғаншақлық, көре алмаслық сыяқлы гүналар көзге көринбесе де, Қудайдан жасырын қалмайды. Қудай ийгиликли, әдалатлы, мухаддес болғаны ушын, исленген ҳәр бир гүна Қудайға қарсы.

Адам-ата ҳәм Ҳаўа-ене Қудайға қулақсызлық қылып, Онның менен мүнәсибетин бузған. Буның ақыбетинде Адам-ата ҳәм Ҳаўа-ененің өз ара мүнәсибети де бузылды, дүньяда жаман мүнәсибетлик пайда болды, пүткил дүнья нәлетке ушырады. Олардың өмири тәшиўиш, қайғы-азапларға толды. Гүна себепли дүньяға өлим кирип келди ҳәм пүткил адамзат үстинен ҳүкимдар болып қалды. Гүна ҳәр бир адамның тәбиятында болғаны ушын, оның нийетлерин, ой-пикирлерин, кеўил туйғыларын ҳәм қәлеўлерин бузады. Гүнаның ақыбетинде адамзат Қудайдан узақласқан, ажыралған, Онның ғәзеби астында қалған. Сонлықтан адамзат ақырзаманда ҳүким қылынады. Тек ғана Ийса Масийхтың төгилген қаны арқалы адамзат гүналарынан пәклене алады, Қудай менен жарасады ҳәм ҳүким қылынбайды (Жар 3:5-8, 3:16-19; 4:10; Нзм 6:5; Заб 31:5; 50:5-7; 87:15; 141:2; Ийш 5:16; 59:2; Ерм 17:9; Мат 5:21-30; Лук 10:27; 1Юхн 1:7-9: 2:1-2; Рим 1:18-21; 3:10-12, 23; 5:6-12; 6:22-23; 7:14-20; Эфс 5:5-6).

**диний муғаллим** – Бабилония сүргининен соң, Израил арасында базы адамлар бар болған Мухаддес Жазыўларды абайлап сақлап, үйрене баслаған. Олардың базылары еврейше Мухаддес Жазыўлардан нусқа көшириў менен шуғылланған ҳәм Израил халқы арасында абырайға ийе болып, жәмийетке күшли тәсирин көрсеткен. Оларды диний муғаллимлер деп атаған (Мат 23:2; Мрк 12:38-39; Лук 20:46).

**ебус халқы, ебуслы** – Израил халқы Қанан жерин ийелеместен алдын сол жерде жасаған халықлардың бири. Даўыт Ерусалимди ийелеместен алдын ебус халқы Ерусалимде ҳәм оның әтирапында жасаған (2Пат 5:6-10; 24:16-25).

**елши** – Белгили бир хабарды жеткизиў ушын жиберилген адам. Жаңа Келисимде бул сөз Ийса Масийхтың он еки шәкиртине қолланылған. Ийемиз Ийса елшилерди адамларға Хош Хабарды жеткизиў ушын таңлаған еди. Елши Павел де олардың қатарында еди. Ийса Масийх Павелге көринип, оған Хош Хабарды тарқатыў ўазыйпасын тапсырған. Елшилер барлық масийхыйлар арасында, әсиресе өзлери тийкар салған жәмәәтлерде үлкен абырай ҳәм итибарға ийе болып, шешим шығарыў ҳуқықына ийе еди. «Елши» сөзи Хош Хабарды жәрия қылыў ушын жиберилген адамларға да қолланылған (Лук 6:12-16; Елш 1:24-26; 2:14; 4:33; 6:2; 15:1-2, 22-29; 1Кор 9:1-2; 12:28; 15:5-9; Гал 1:1-2, Эфс 4:11-12).

**Ең мухаддес бөлме** – Мухаддес шатырдың ишиндеги, кейин болса Ибадатхананың ишиндеги кишигирим бөлме. Бул бөлмеде

Келисим сандығы турды. Сулайман қурдырған Ибадатхананың Ең мухаддес бөлмесинде еки керубтың үлкен мүсини де бар еди. Ең мухаддес бөлмени Мухаддес бөлмеден үлкен перде бөлип туратуғын еди. Таўрат бойынша тек ғана бас руўханий жылына бир мәрте – Гүнадан пәклениў күни Ең мухаддес бөлмеге кириўине болатуғын еди. Еврейлерге жазылған хатта ҳәм Аян китабында аспандағы Ибадатхананың Ең мухаддес бөлмеси ҳаққында айтылған. Ийса Масийх инсан қолы менен қурылмаған сол минсиз Ибадатханада бас руўханий болып хызмет қылып атыр (Шығ 26:33-34; Леб 16-бап; Евр 8:1-2; 9:11-12, 24; Аян 15:5).

**Ерусалим** – Ерусалим қаласы Жер Орта теңизинен 50 шақырым шығыста, таў етегинде жайласқан. Алдын бул қала таўдағы қорған болған, кейин ала кеңейип, әтираптағы қыр ҳәм тегисликлерди өз ишине алған. Б. э. ш. 1000-жылы патша Даўыт Ерусалимди басып алғаннан кейин қала Израил халқы ушын сиясий ҳәм диний орайға айланған. Әййемги ўақытта Ерусалим қаласының аты Салим еди.

Б. э. ш. 586-жылы Ерусалимди Бабилония әскерлери басып алған. Қаладағы имаратлар ҳәм Ибадатхана талан-тараж қылынып, оларға от қойылған, қала дийўаллары бузылған, турғынлары болса сүргинге алып кетилген. Б. э. ш. 538-жылы, Персия империясы ҳүкимдарлығы дәўиринде яҳудийлерге өз ўатанына қайтыўға ҳәм Ибадатхананы қайта қурыўға рухсат берилген. Б. э. ш. 445-жылы Персия патшасы ҳәмелдары Нехемия Ерусалимге барып, қала дийўалларының қурылысына басшылық қылған. Б. э. ш. 332-жылы Ерусалим қаласы ҳеш бир қарсылықсыз Александр Македонскийге тәслим болған. Соңынан б. э. ш. 164-жылдан баслап, шама менен 100 жыл даўамында Ерусалим қаласы ғәрезсиз Яҳудий мәмлекетиниң пайтахты болған. Б. э. ш. 63-жылы болса бул ел Рим империясы тәрепинен басып алынған ҳәм оған бағынышлы болып қалған (2Пат 5:6-9; 4Пат 25:8-17; 2Жлн 36:13-21; Эзр 1:1-11).

**Жабрайыл** – Мухаддес Китапта еки периштениң аты айтып өтилген, биринשиси – Жабрайыл, екиншиси – Михаил. Жабрайыл Қудайдың арнаўлы хабарын жеткизиў ушын бир неше мәрте адамларға көринген. Ол Даниел пайғамбарға көринип, берилген аянлар ҳәм пайғамбаршылықлардың мәнисин түсиндирип берген. Жабрайыл шомылдырыўшы Яқыяның әкеси Зехарияға да көринип, Яқыяның туўылыўы ҳаққында, Мәриямға да көринип, Ийса Масийхтың туўылыўы ҳаққында хабар берген (Дан 8:15-27; 9:20-27; Лук 1:8-20, 26-38).

**Жаңа ай байрамы** – Ҳәр жаңа ай шыққан күни белгиленетуғын байрам. Руўханийлер усы байрам ушын Таўратта буйырылған қурбанлықларды берген. Сондай-ақ, бул байрамда адамлар айрықша ас жеген. Дәстүрге муўапық бул асты тек ғана пәкленген адамлар

жеўге болатуғын еди. Айдың биринши күни мухаддес есапланып, адамлар сол күни жумыс ислемейтуғын еди (Сан 28:11-15; 1Пат 20:5, 24-26; Амо 8:5).

**Жаратқан Ийе** – Еврейше «ЙҲЎҲ», грекше «Күриос». Ески Келисимде «ЙҲЎҲ» Қудайдың аты. Негизинде әййемги еврей тилинде сөзлер тек ғана даўыссыз ҳәриплер менен жазылған. Еврейше жазыўларды оқығанлар қайсы орында қандай даўыслы сеслер келетуғынын билетуғын еди. Яҳудийлер Қудайдың атын жүдә мухаддес деп билгени ушын, Ески Келисим дәўириниң ақырларына келип, бул атты атамай қойған еди. Олар Ески Келисимди оқығанда «ЙҲЎҲ» сөзиниң орнына «Ийем, Хожайыным» мәнисин беретуғын «Адонай» сөзин қолланып баслаған. Усы аўдармада бул сөз «Жаратқан Ийе» деп берилген. Көп адамлар «ЙҲЎҲ» сөзин еврейшеде «болыў» фейилиниң биринши формасы болыўы мүмкин, деп есаплайды. Усы пикир бойынша «ЙҲЎҲ» сөзи «Ол бар», яғный Ол мәңги, ҳеш қашан өзгермейди ямаса «Ол бар болыўға себепкер», яғный ҳәр бир нәрсениң келип шығыўына себепши Ол, деген мәнисти билдиреди. Жаңа Келисимде «Күриос» сөзи көп жағдайларда Ийса Масийхтың атағы сыпатында ислетилген болып, бул аўдармада Ийе, Ийем, Ийемиз... деп берилген. Базы жағдайларда «Күриос» сөзи Жаңа Келисимде Қудайға қарата қолланылған, Оның Ески Келисимдеги айырым ислерин сүўретлейди. Бундай жағдайларда бул аўдармада «Күриос» сөзи «Жаратқан Ийе» деп берилген (Жар 7:1; 8:21; 21:1; Шығ 3:14; Нзм 33:2-3; Заб 88:6-7; Мал 1:1).

**Жаратқан Ийениң Үйи** – Бул сөз Мухаддес шатырға, кейин ала Ибадатханаға қарата айтылған (Шығ 23:19; 34:26; Ешу 6:23; 4Пат 19:1).

**Жартас, қорғаўшы Жартас** – Еврейшеден сөзбе-сөз аўдармасы «жартас». Бул сөз Қудайға үмит байлағанларды Оның Өзи қорғайтуғынын, аман-есен сақлайтуғынын, Қудайдың өзгермейтуғынын ҳәм пүткиллей исенимли екенин билдиреди (Нзм 32:4; 1Пат 2:2; 2Пат 22:2-3; Заб 27:1; 41:10; 77:35).

**жаўыз руўх** – Мухаддес Китапта жаўыз руўх базыда жин деп аталған. Жаўыз руўхлардың ҳүкимдары шайтан. Жаўыз руўхлар инсанларға зыян тийгизиўди қәлейди. Олар базыда инсанның ишине кирип алып, оны басқарады. Толық мағлыўматқа ийе болыў ушын ШАЙТАН ҳәм ЖИН сөзлерине қараң (Мат 8:16; Мрк 1:23; Лук 4:33).

**жәмәәт** – Жаңа Келисимде бул сөз масийхыйлар топарына қолланылған. Биринши жәмәәт Ерусалимде пайда болған. Ол жердеги исениўшилер Қудайға сыйыныў ушын тез-тез жыйналып туратуғын еди. Ийса Масийх ҳаққындағы Хош Хабар кең тарқалғаннан кейин, басқа жерлерде де жәмәәтлерге тийкар салынды. Жәмәәттеги исениўшилер бир-бирине ҳәр тәреплеме жәрдем

беретуғын еди. Iсениўшилер үйлеринде жыйналғанда дуўа ететуғын еди, Қудайға алғыс-мақтаў айтып, Ийсаның өлимин еслеп, бирге аўқатланатуғын еди. Олар биргеликте Мухаддес Жазыўды оқып, сабақ алатуғын еди ҳәм исенимде беккем турыў ушын бир-бирин жигерлендиретуғын еди. Жәмәәтлердиң жолбасшылары бар еди, оларды жетекши, ақсақал ямаса шопан деп атайтуғын еди. Жәмәәтте исениўшилерге жәрдем беретуғын адамларды болса хызметшилер деп атаған.

Жаңа Келисимде жәмәәт сөзи және Ийса Масийхқа исенген барлық адамларды билдирген. Жәмәәт сөзиниң усы мәнисин түсиндириў ушын Жаңа Келисимде бир неше тымсаллар берилген. Олардың базылары мынадай: Ийса Масийхтың денеси, Ибадатхана, Қудайдың үйи. Және Ески Келисимде жыйналған Израил халқына да жәмәәт деп айтылған (Мат 16:18; Елш 2:42-46; 4:32-35; 7:38; 8:1; 14:23; 15:41; Якп 5:14; 1Пет 5:1-4; Рим 16:4; 5:12-13; 12:12-13, 27; 14:26; 16:19; Гал 1:1-2, 13; Эфс 1:22; 2:19, 21-22; 3:10, 21; 4:11; 5:23-32; 5:23, 29-30; Фил 1:1; 3:6; Кол 1:24; 4:15; 1Тим 3:1-15; Тит 1:5-9; Аян 1:11).

**жин** – Мухаддес Китапта жин базыда жаўыз руўх деп аталған. Жинлердиң ҳүкимдары шайтан. Жинлер инсанларға зыян тийгизиўди қәлейди. Олар базыда инсанның ишине кирип алып, оның ҳәрекетлерин басқарады. ЖАЎЫЗ РУЎХ сөзине қараң (Мат 4:24; Мрк 3:22; Лук 7:33; Юхн 7:20; Елш 8:7).

**жоқарғы кеңес** – Жаңа Келисим дәўиринде яҳудийлердиң сиясий ҳәм диний кеңеси. Бул кеңес бас руўханийлерден, Таўрат алымлары ҳәм абырайлы адамлардан ибарат еди. Жоқарғы кеңестиң шама менен 70 ағзасы бар еди. Бас руўханий кеңестиң баслығы болған. Кеңес ағзалары яҳудийлердиң жасаў шәраятына, сиясий өмирине ҳәм диний дәстүрлерине байланыслы мәселелерди шешиў ҳуқықына ийе еди, бирақ жоқарғы кеңес шығарған әҳмийетли қарарлар Рим ҳүкимети тәрепинен тастыйықланыўы керек еди. Жоқарғы кеңес адамды өлимге ҳүким еткени менен де, бул ҳүкимди тек Рим ҳүкимети ғана орынлай алатуғын еди. Елде тынышлықты сақлап турыў ушын жоқарғы кеңес яҳудийлердиң де, Рим ҳүкиметиниң де пайдасын гөзлейтуғын еди (Мат 26:57–27:2; Мрк 14:52; Юхн 11:47; Елш 5:21, 27; 22).

**зәйтүн** – Ҳәмме ўақытта жасыл болып өсип туратуғын, Жақын Шығыста жүдә кең тарқалған субтропикалық терек ҳәм оның мийўеси. Бул profil теректиң мийўесинен



май алынады. Зәйтүн терегиниң қәрели көринисиндеги жасыл ямаса қара мийўеси ашқылтым болып табылады (Жар 8:11; 28:18; Шығ 23:11; 29:2; Леб 2:1; 1Пат 16:1).

**Зүрәәт байрамы, Ҳәптелер байрамы, Елиўинши күни байрамы** – Бул байрам еврей календарының үшинши айы болған сиўан айының 6-7-күнлеринде белгиленген. Ҳәзирги календарь бойынша, бул май айының ақырына туўры келеди. Израил халқы Қудайдың буйрығы бойынша биринши зүрәәт алғанда биринши зүрәәт байрамын белгиледи. Бул байрам Қутқарылыў байрамынан жети ҳәпте өткеннен кейин болғанлықтан Ҳәптелер байрамы деп те айтылады. Және Жаңа Келисимде бул байрам Елиўинши күни байрамы деп те айтылады. Бул байрамда биринши мәрте Мухаддес Руўх Ерусалимде жыйналған шәкиртлерге түсип, жәмәәт басланғанлықтан дүнья жүзиндеги жәмәәтлер бул күнди еске алып белгилейди (Шығ 23:16; 34:22; Леб 23:15-21; Сан 28:26-31; Нзм 16:9-12; Елш 2:1; 20:16; 1Кор16:8).

**Ибадатхана** – Қандай да бир қудайға сыйыныў ушын қурылған имарат. Әдетте қудайларға арнап ибадатханалар қурылған. Табыныўшылар қудай өз ибадатханасында бар деп исенген. Усы себептен олар ибадатхананы қудайдың үйи деп те атаған.

Бирақ бул аўдармада ибадатхана сөзи үлкен ҳәрип пенен жазылған болса, Ерусалимдеги Ийениң Ибадатханасы нәзерде тутылған. Патша Сулайман қурдырған Ибадатханадан алдынғы заманда Мухаддес шатырда ҳәр түрли қурбанлықлар берилип, диний хызметлер өткерилген. Патша Сулайман дәўиринен баслап пүткил Израил халқы Ийемизге Ерусалимдеги Ибадатханада сыйынған. Олар Ибадатханада қурбанлықлар берип, әҳмийетли байрамларды сол жерде белгилеген. «Ибадатхана» сөзи айрықша бир имаратқа ямаса Ибадатхананың толық ҳәўлилерине қарата қолланылған. Ибадатхананың айрықша имараты Мухаддес бөлме ҳәм Ең мухаддес бөлмеден ибарат



еди. Бул бөлмелерге мәлим бир мәресимлерди орынлаў ушын тек ғана руўханийлердиң кириўине рухсат берилген. Халық Ибадатхананың ҳәўлисинде Қудайға сыйынған. Израил тарийхында Ерусалимде бир неше мәрте Ибадатхана қайта қурылған, бирақ басқыншылар тәрепинен ўайран етилген. Биринши Ибадатхананы патша Сулайман қурдырған. Бул Ибадатхана 3Пат 6:1-38; 7:13-51; 2Жлн 2:1–4:22 да толық сүўретленген. Б. э. ш. 586-жылы бабилонлылар сол Ибадатхананы ўайран қылып, ондағы барлық қымбатбаҳа затларды Бабилонға алып кеткен. Б. э. ш. 538-жылы Персия патшасы Кирдиң пәрманы бойынша, базы яҳудийлер Ерусалимге қайтып келип, Ибадатхананы қайта қурыўды баслап, б. э. ш. 515-жылы Ибадатхана қурылысы тамамланған. Кейин ала, б. э. ш. 37-4-жыллары әййемги Палестинада ҳүкимдарлық қылған Уллы Ҳирод б. э. ш. 19-жылы Ибадатхананы қайта қурыўды баслаған. Қурылыс ислери Ийса Масийх дәўиринде де даўам етип атырған еди. Қайта қурылған сол Ибадатхана эрамыздың 70-жылы римлилер тәрепинен ўайран қылынды. Соннан кейин, Ибадатхана қайта қурылмады (4Пат 25:8-17; Эзр 1:1-11; 3:7–4:5; 5:1-2; 6:14-15).

**Израил** – Яқып Пенуелде Қудай менен гүрескеннен кейин, Қудай оған «Израил» деп ат берди (Жар 32:28-29; 35:10). Яқып Ибрайымның ақлығы, Ысақтың улы еди. Яқыптың он еки улы болып, олардан Израилдың он еки урыўы келип шықты. Ески Келисимде мине усы он еки урыў Израил халқы деп аталды. Кейин ала Израил халқы басып алған жерлер де Израил ели деп аталды.

Патша Сулайман өлгеннен кейин арқадағы он урыў қубладағы Яҳуда ҳәм Бенямин урыўларынан бөлинип шықты. Бул он урыў өз алдына ел болып, Израил патшалығы деп аталды. Бул елдиң пайтахты Самария болды. Ески Келисимниң базы жерлеринде арқадағы он урыўға Израил халқы ҳәм бул урыўлар дүзген ел Израил ели деп аталған. Б. э. ш. 722-жылы Ассирия патшалығы Израилды басып алғаннан соң, арқа патшалық жоқ болды.

Жаңа Келисимде «Израил» аты сиясий ғәрезсизликке ийе елди емес, ал Яқыптың урпағын, яғный яҳудийлерди билдирген (Жар 32:28-29; 35:10; 3Пат 11:26–12:24; 4Пат 17:1-6).

**Ийемизди еслеў кешеси** – Ийса Масийх Өз өлиминен алдын шәкиртлери менен бирге Қутқарылыў байрамының асын бирге жеди. Сол кешеси Ийса шәкиртлерине, сизлер бирге аўқатланғаныңызда, Мени еслеңлер, деп буйырған. Ийса Масийхтың изинен жүриўшилери Оның бул буйрығына әмел қылып, тез-тез жыйналып турған ҳәм бирге ликте аўқатланған. Олар бирге аўқатланғанда, Ийса буйырғанындай нан сындырып жеген ҳәм шараптан ишкен. Усылай етип, олар Ийса Масийхқа өз ҳүрметин көрсетип, Ийсаның гүналар ушын қурбан болғанына исенгенин тастыйықлайтуғын болған. Сондай-ақ, Ийсаның Өз сүйиспеншилигин

қалай көрсеткенин еслейтуғын еди. Ийса оларды қалай сүйген болса, шәкиртлер де бир-бирин сондай сүйиўи керек еди (Мат 26:26-30; Мрк 14:22-26; Лук 22:14-20; Елш 2:42, 46; 20:7; 1Кор 10:16-17, 21; 11:17-34).

**Ийе, Ийем, Ийемиз** – Еврейше «Адон» ямаса «Адонай», грекше «Күриос». Ески Келисимде «Адонай» сөзи көбинесе Қудайға қарата қолланылған иләҳий атақ болып, Қудай Израил халқының көктеги Патшасы екенин билдиреди. Жаңа Келисимде «Күриос» сөзи Ийса Масийхқа қарата қолланылған болып, Оның иләҳийлигин ҳәм патша тийресине тийисли екенин билдиреди. Соның ушын, бул аўдармада бул сөз «Ийе», «Ийем Ийса» ямаса «Ийемиз Ийса» деп берилген. «Адон» ҳәм «Күриос» сөзлери атақ сыпатында патшаларға, абырайлы устазлар ҳәм пайғамбарларға иззет-ҳүрметти көрсетиў ушын да қолланылған (Лук 2:9; 18:6; Елш 7:33, 59; Рим 1:7; 10:12-13).

**Кәрнай** – Үплеп шертилетуғын саз әсбабы болып, әййемги еврей халқы кәрнайды қошқардың шақысынан ҳәм басқа да материалдан соққан. Әййемги ўақытта бул әсбап душпан бастырып киятырғанын хабарлаў ушын, сондай ақ, Қудайды алғыслаў ушын шертилген.



**Кәрнай байрамы** – Бул байрам еврей календарының жетинши айы – этаним, яғный тишри айының биринши күнинде белгиленген. Ҳәзирги календарь бойынша, бул ай сентябрьдиң ортасынан басланады. Кәрнай байрамы күни Израил халқы дем алып, муқаддес жыйналыс өткерген. Бул жыйналыста кәрнай шертилген, Таўратта буйырылған қурбанлықлар берилген (Леб 23:23-25; Сан 29:1-6).

**келисим** – Әййемги ўақытларда әдетте келисим дүзилгенде, оны тастыйықлаў ушын еки тәреп ант ишетуғын еди. Муқаддес Китапта айтылыўынша, Қудай бир неше мәрте инсан менен келисим дүзген. Ҳәр бир келисимде берилген ўәделерди ҳәм қойылған шәртлерди Қудайдың Өзи белгилеген. Қудай Ибрайым менен келисим дүзип, Ибрайымға ҳәм оның әўладына мәңги берекет бериўди ўәде қылған.

Қудай кейин ала Муўса пайғамбар арқалы Ибрайымның әўлады, яғный Израил халқы менен келисим дүзеди. Сол келисимде Қудайдың буйрықлары ҳәм нызамлары толық берилген. Бул буйрықларға ҳәм нызамларға әмел қылған адамларға Қудай: «Мен сизлерди Өзимниң халқым қыламан, сизлердиң Қудайыңыз боламан», деп айрықша ўәде берген. Қудайдың Өз халқы Израил менен болған мүнәсибети мине усы келисимге тийкарланғаны себепли, Ески Келисимде баян қылынған көп ўақыялар ҳәм Израил халқының тарийхы усы мүнәсибетлер ҳаққында сөз етеди. Израил

халқы Қудайға қайта-қайта бийопалық қылғаны ушын, Оның буйрықларына бойсынбағаны ушын өз ўатанынан сүргин етилген. Бирақ Қудай: «Мине Мен Израил халқы менен жаңа келисим дүзетуғын күнлер келеди», деп Өз пайғамбарлары арқалы ўәде берген.

Қудай жаңа келисимди пүткил адамзат пенен Ийса Масийх арқалы дүзеди. Ийса Масийх пүткил адамзаттың гүнасын Өз мойнына алып, атанақ ағаштағы өлими арқалы жаңа келисимди күшке енгизди. Бул Жаңа Келисимниң баслы мазмуны болады. Енди хәр бир адам, миллетинен тысқары, Ийса Масийхқа исенсе хәм гүналарынан жүз бурса, оның гүналары кешириледи, бул адам Қудайдың халқына тийисли болады (Жар 15:1-21; 17:1-27; Шығ 20:1, 21; 24:1-18; 4Пат 17:5-23; 2Жлн 36:13-21; Ерм 31:31-34; 32:39-40; Езк 11:19-20; 36:26-27; Мат 26:27-28; Евр 8:6-13; 9:1-22).

**Келисим сандығы** – Сырты хәм иши алтын менен қапланған ағаш сандық. Келисим сандығында еки тегис тасқа жазылған нызам сақланатуғын еди. Қудай бул еки тасты Синай таўында Муўсаға Израил халқы ушын берген еди. Еки таста он буйрық жазылған, бул буйрықлар Қудай менен Оның халқы ортасындағы дүзилген келисимниң шәртлери еди. Сол себепли бул сандық көбинесе Келисим сандығы деп айтылған. Келисим сандығының қақпағы үстинде кеaccount керуб деген руўхый барлықтың еки мүсини бар еди. Келисим сандығы – Қудай Өз халқы арасында екенин билдиретуғын белги еди. Израил халқы шөлде гезип жүргенде, Келисим сандығы Мухаддес шатырдың Ең мухаддес бөлмесинде сақланатуғын еди. Кейин Келисим сандығы Ерусалимдеги Ибадатхананың Ең мухаддес бөлмесине қойылған (Шығ 25:12-15, 22; 37:1-9; Евр 9:4-5).

**Кемош** – Моаб халқының табынған қудайы (3Пат 11:7).

**кен халқы, кенлер** – Израил халқы Қанан жерин ийелеместен алдын сол жерде жасаған халықлардың бири. Және қанан халқы, қанан халықлары, қананлы сөзлерине қараң (Жар 15:19; Сан 24:21-22).

**керуб** – Қанатлы руўхый барлық. Бул руўхый барлықлар хаққында сөз етилгенде, олар әдетте Қудайдың тахты жанында сүўретленеди. Ески Келисимниң базы жерлеринде болса керублар Қудайдың тахтын көтерип жүргени хаққында айтылады. Келисим сандығының қақпағы үстинде еки керуб мүсини бар еди. Мухаддес шатырдың Ең мухаддес бөлмесин Мухаддес бөлмеден бөлип турған ишки пердеге керублардың сүўрети салынған еди (Шығ 25:18-20; Сан 7:89; 1Пат 4:4; Езк 10-бап).

**кийели тас** – Тиккесине қойылған узын тас. Қанан халықлары бул тасты өз қудайы, соның менен бирге, қудай Баал деп, оған табынатуғын еди. Бундай таслар төбешиклердиң үстине, қойыў жапырақлы тереклердиң астына хәм табынатуғын орынларының ишине орнатылатуғын еди. Қудай Израил халқына, тас бутларды

орнатпаң, оларға сыйынбаң, деп буйырық берди. Усындай бутларды ҳәм тасларды сындырып таслаўды буйырды (Шығ 23:24; Леб 26:1; 4Пат 10:27; 17:10).

**Қанан** – Қанан Хамның улы, яғный Нухтың ақлығы еди. Әййемги ўақытларда Жер Орта теңизи, Иордан дәрьясы ҳәм Өли теңиз аралығындағы жерлер де Қанан деп аталған. Қананның арқа тәрепинде Лебанон таўлары, қублада Негеб шөли бар еди. Жаратылыс китабында айтылыўынша Хамның улы Қананнан бир неше халық келип шыққан ҳәм сол жерлерде жасаған. Израил халқы бул жерлерди басып алғаннан кейин, Қанан деген атама әсте-ақырынлық пенен жоқ болып кетти. Оның орнына бул жерлер «Израил ели» деп атала баслады, бир қанша ўақыт өткеннен соң «Палестина» аты менен танылған.

Мухаддес Китапта Қанан жүдә өнимдар, «сүт ҳәм пал ағып турған жер» деп сүўретленген. Қанан географиялық жағынан жүдә қолайлы ҳәм өнимдар жер есапланған. Қанан жеринен қубла-батыста жайласқан Синай ярым атаўы Азия ҳәм Африка жерлерин бирлестирип турады. Соның ушын, әҳмийетли саўда жоллары Қанан арқалы, Жер Орта теңизи бойлап өткен. Әййемде Жақын Шығыстағы құдиретли патшалықлар Қананды қолға киргизиўге ҳәрекет еткен. Шығ 3:8 ҳәм усы аяттың түсиндирмесине қараң (Жар 10:6, 15-19; 12:5; Бий 5:19).

**қанан халқы, қанан халықлары, қананлы** – Израил халқы Қанан жерин ийелеместен алдын сол жерде жасаған халықлар. Олар амор, гиргаш, хет, хиў, ебус, қадмон, кениз, кен, периз ҳәм рефа халықлары еди. Бул халықлардың базылары Қанан жериниң анық қайсы жеринде жасағаны мәлим емес. Израил халқы Қананды басып алғаннан кейин де, бул халықлардан бир нешеси сол жерде жасап қалған (Ешу 16:10; 17:12-13, 16).

**Қос байрамы, Жыйын-терим байрамы** – Бул байрам еврей календарының жетинши айы – этаним, яғный тишри айының 15-21-күнлеринде белгиленген. Ҳәзирги календарь бойынша, бул ай сентябрьдиң ортасынан басланады. Сол ўақытта гүз жаўыны басланбастан алдын зүрәәт жыйнап алынған. Израил халқы Мысырдан шыққаннан соң, шөл гезип, қосларда жасағанын жети күн даўамында еслеген. Сондай-ақ олар Қанан жериндеги зүрәәтти Қудайдың берекетли қылғанын да белгилеген, Таўратта буйырылған қурбанлықларды берген. Олар жети күн даўамында далалардағы қосларда жасаған. Қос байрамының еврейше атамасы – Суккот. Бул байрам жыйын-терим байрамы деп те аталған (Шығ 23:16; 34:22; Леб 23:33-36, 39-43; Сан 29:12-39; Нзм 16:13-15; Зхр 14:16-19).

**Қудай** – Еврейшеде «Эл» ямаса «Элоҳим», грекшеде «Теос». Бул атлар пүткил барлықтың жаратыўшысы Қудайға қолланылған баслы атлар болады (Жар 1-бап; 2:2-3; 9:1).

**Қудай Таала** – Еврейшеде «Эл Элион» ямаса «Элоҳим Элион», сөзбе-сөз аўдармасы «Ең

мәртебели Қудай». Бул сөз Қудай ең уллы, ең қүдиретли, пүткил әлемниң Ҳүкимдары екенлигин билдиреди (Жар 14:18; Сан 24:16; Нзм 32:8).

**Қудайдың Патшалығы** – Қудайдың инсанлар өмириндеги ҳүкимдарлығына ҳәм ҳәр бир жаратылған жанзатлардың ақыретте жаңаланыўына силтеме. Ийса Масийх: «Қудайдың Патшалығы жақынласты», деп ўаз еткен еди, Ол Өз кәраматлары арқалы усы Патшалық ҳақыйқаттан да бар екенлигин көрсететуғын еди. Ийса Масийх адамларға: «Қудайдың Патшалығы сизлердиң араңызда», деп тәлим берди. Адамлардың гүналары Ийса Масийх арқалы кеширилгенде, олар Қудайдың Патшалығына киреди. Қудайдың Патшалығына минәсип болған адамлар Қудайды өзлериниң Патшасы деп тән алады ҳәм өз ара мүнәсибетлеринде Қудайдың минезлемесин көрсетеди. Усы арқалы Қудайдың Патшалығы адамлар арасында екенлиги көринип турады. Келешекте болса, Ийса Масийх пүткил дүньяны жаўызлық ҳәм напәкликтен тазалағаннан соң Қудайдың Патшалығы толық орнатылады. Матта китабында Қудайдың Патшалығы «Аспан Патшалығы» деп те аталған (Мат 12:28; 25:31-46; Мрк 1:14-15; Лук 17:20-21; 1Кор 15:24-25; Кол 1:13-14; Аян 11:15-17; 12:10).

**Қудайдың Руўхы** – «Руўх» деп аўдарылған еврейше ҳәм грекше сөзлер және «дем», «самал» мәнислерин өз ишине алады. Қудайдың Руўхы дүньяның жаратылыўында сөзсиз қатнасқан. Ески Келисимде сөз етилиўинше, Қудайдың Руўхы адамларды орап алған, оларға ҳәр түрли ўазыйпаларды орынлаў ушын күш берген. Қудайдың Руўхы базы адамларға Қудайдың сөзин сөйлеўге жигер берген. Қудай Өз Руўхын бир күн келип барлық адамзат үстине жаўдыратуғыны туўралы Иоел пайғамбар арқалы ўәде қылған.

Жаңа Келисимде Қудайдың Руўхы Мухаддес Руўх деп аталады. Мухаддес Руўх арқалы адамлар Қудайдың сөзлерин айтады, базыда кәраматлар көрсетеди. Шомылдырыўшы Яқыя пайғамбаршылық қылып, Ийса Масийх инсанларды Мухаддес Руўхқа шомылдырады, деп айтқан. Яқыя Ийсаны суўға шомылдырғанда, Мухаддес Руўх Ийсаның үстине کептер пишининде түскен ҳәм Ол Мухаддес Руўхқа толған. Ийса Масийх Мухаддес Руўх жетегинде жүрген.

Ийса Өз шәкиртлерине, Әкем сизлерге жол-жорық көрсетиў ҳәм күш-қуўат бериў ушын Мухаддес Руўхты жибереди, деп ўәде берген. Ийса аспанға көтерилгеннен соң усы ўәде әмелге асты. Солай етип, Иоел пайғамбардың бир неше әсирлер алдын айтқан пайғамбаршылығы орынланды. Ийсаның шәкиртлери адамларды тәўбе қылыўға, суўға шомылдырылыўға ҳәм Мухаддес Руўхты қабыл етиўге шақырған. Ийса Масийхқа исенген ҳәр бир адамның жүрегинде Мухаддес Руўх жасайды. Мухаддес Руўх олардың Қудайға тийисли екенлигин ҳәм қутқарылыў кепили Өзи

екенлигин тастыйықлайды. Мухаддес Руўх исениўшилерге ҳәр түрли сыйлар береди, олар усы сыйлары менен Қудайға ҳәм басқаларға хызмет етеди. Исениўшилер Мухаддес Руўх басшылығында өмир кеширеди ҳәм Мухаддес Руўх арқалы олардың жақсы ис-ҳәрекетлери Қудайға мақул болады (Жар 1:2; Шығ 31:3; Бий 14:6; 1Пат 11:6-7; 16:13; 1Жлн 12:18; 2Жлн 15:1-2; 20:14-15; Езк 11:5; Иол 2:28-29; Мих 3:8; Мат 3:11; Лук 3:22; 4:1; 10:21; 24:49; Юхн 3:34; 14:16-17, 26; 16:7-15; 20:22; Елш 1:4-5, 8; 2:1-4, 14-21, 38; 13:2; 19:1-6; Рим 8:15-16; 1Кор 12:4-11; 2Кор 1:21-22; Гал 5:22-25; Эфс 1:13-14).

**Қудайдың Улы, Қудай Тааланың Улы** – Бул сөз атақ болып, яҳудийлер интизарлық пенен күткен қутқарыўшыға айтылған. Яҳудийлердиң пикири бойынша, бул қутқарыўшы оларды душпанлар қолынан қутқарады ҳәм пүткил адамзат үстинен мәңги ҳүкимдарлық қылады. Бул қутқарыўшыға әдетте «Масийх» атағы да қолланылған. «Қудайдың улы» ямаса «Ул» атақлары Ийсаға қарата қолланылғанда, Ийса интизарлық пенен күтилген Масийх екенлигин билдиреди. Бул атақлар Ийсаның Қудай менен жақын мүнәсибетин, Қудайдың атынан ис қылатуғынын көрсетеди. Ийса Масийх Өзиниң аспандағы Әкесине пүткиллей бойсынып, садықлық пенен хызмет етти. Ийса аспандағы Әкесин ҳүрмет етип, Оның минезлемесин Өзинде толық көрсетти.

Тилекке қарсы, базылар «Қудайдың Улы» деген атақты надурыс түсинип, Ийса денеден Қудайдан туўылған екен, деп ойлайды. Бирақ бул ақылға сыймайтуғын улыўма надурыс пикир! Бундай пикир Мухаддес Жазыўда баян етилген тәлиматларға қарсы. Жаңа Келисимде сөз етилиўинше, Мәрийям кәраматлы түрде, Мухаддес Руўхтың қүдирети менен Ийсаға ҳәмиледар болған еди.

Ески Келисимде Қудай Израил халқын «туңғыш улым» деп атап, олар менен қаншелли жақын мүнәсибет орнатқанын көрсетти. Сондай-ақ, Қудай Израил патшасын да «Мениң улым» деп атаған, себеби Израил патшасы Қудайдың ўәкили сыпатында халық үстинен ҳүкимдарлық қылды (Шығ 4:22-23; Мат 1:18-25; 14:33; Лук 1:26-38; Юхн 14:6-13; 19:7; 1Юхн 5:12-13; Кол 1:15 19; Евр 1:2-3).

**Қудайдың Үйи** – Бул сөз Мухаддес шатырға, кейин ала Ибадатханаға айтылған (Бий 18:31; 1Пат 10:3; 1Жлн 6:10).

**қурбанлық** – Израиллылар Қудайға сыйыныў ушын буға, қой, ешки, кептер ямаса қумыры сыяқлы ҳайўанларды қурбанлық



қылатуғын еди. Ҳайўан сойылғаннан соң, оның бир бөлеги Қудайға унамлы түтетки ушын садақа сыпатында қурбанлық орында түтетилген. Қалған бөлеги болса руўханийлерге берилген ямаса сыйыныўшылар тәрепинен желинген. Израил халқы Қудайға алғыс айтыў, Қудайдан берекет тилеў, гүналары ушын кеширим сораў мақсетинде қурбанлықлар берген. Ески Келисимде айтып өтилген бес қурбанлық түри мынадай: айып қурбанлығы, гүна қурбанлығы, жандырылатуғын қурбанлық, миннетдаршылық қурбанлығы, татыўлық қурбанлығы (Жар 8:20; Шығ 29:38-41; Леб 1-бап).

**Қутқарылыў байрамы** – Қутқарылыў байрамы еврей календарының биринши айы – абиб, яғный нисан айының он төртинши күни кеште белгиленген. Ҳәзирги календарь бойынша, бул ай марттың ортасынан басланады. Қудайдың Израил халқын Мысыр қуллығынан қалай қутқарғанын олар Қутқарылыў байрамы күни еслеген. Ҳәр бир шаңарақ бир қозыны ямаса ылақты қурбанлық қылып, Қутқарылыў байрамына ас таярлаған. Шаңарақ ағзалары қурбанлық асын бирге жеген. Бул асқа қосып ашшы шөплер ҳәм ашытқысыз нан да желинген. Қутқарылыў байрамының еврейше атамасы – Песах. Қарақалпақша «Қутқарылыў байрамы». Жаңа Келисимде «Қутқарылыў байрамы» аты астында Қутқарылыў байрамы зыяпаты ҳәм оннан кейин жети күн даўамында белгиленген «Ашытқысыз нан байрамы» нәзерде тутылған (Шығ 12:1-14, 21-51; Леб 23:5-8; Сан 9:1-14; Нзм 16:1-7).

**қутқарыў, қутқарылыў** – Бул сөзлер адамлардың ҳәм пүткил бир халықтың душпанлардан ямаса олардың өмирине қәўип салып атырған басқа нәрселерден азат болыўын билдиреди.

Ески Келисимде бир адам белгили бир жағдайда басқаларды қәўип-қәтерден қутқарғанда «қутқарыўшы» деп аталған. Көп жағдайларда болса «Қутқарыўшы, Азат қылыўшы» деген ат Қудайдың Өзине қолланылған. Израил халқы тарийхындағы ең уллы ўақыялардан бири олардың Мысырдағы қуллықтан азат болғаны. Қудай Муўса арқалы кәрамат көрсетип, Өзиниң Қутқарыўшы екенлигин көрсеткен. Қудай Израил халқын көп мәртебе қутқарғаны ушын, олар келешекте Ийемиз бизлерди барлық душпанлардан ҳәм жаўызлықтан азат қылады, деген үмитте сол ўақытты интизарлық пенен күткен. Және Ески Келисимде пайғамбарлар пайғамбаршылық қылып, Қудай Өзиниң ҳақ қулын жибереди ҳәм адамларды гүналарынан азат қылады, деп айтқан. Пайғамбаршылықлар бойынша Қудайдың бул садық қулы патша Даўыттың әўладынан келип шығады.

Жаңа Келисимде айтылыўынша, адамлар Ийса Масийхтың өлими ҳәм тирилиўине исениўи арқалы гүнадан азат болады. Демек, ҳәр бир адам миллетине, түриниң реңине ямаса мәдениятына қарамастан

қутқарылыўға ерисиўи мүмкин. Бул қутқарылыў адамның қылған саўап ислерине байланыслы емес. Адам тек ғана Қудайдың рециими ҳәм мийрими арқалы гүналарынан азат болып, Ийса Масийх арқалы мәңги өмирге ийе болады. Ийса Масийхқа исенип, тәўбе қылған ҳәр бир адамды Қудай кеширеди. Соның ушын, Қудайдың Өзи де, Ийсаны Масийх ҳәм «Қутқарыўшы» деп атайды.

Ийса Масийхқа исенген адам Қудай менен жарасқаны ушын бул дүньяның өзинде-ақ қутқарылыўға ерискен деп есапланады. Қутқарылыўға ерискен ҳәр бир адамның өмиринде Муқаддес Руўх ҳәрекет қылады. Қутқарылыў тоқтаўсыз ҳәрекет болып, оған ерискен ҳәр бир адамның пикирлеўи ҳәм минез-қулқы өзгереди ҳәм бундай адам өз өмирин Қудайды ыразы қылыўға бағышлайды. Масийхыйлар ақырғы күнде де ҳүким қылынбайды. Масийхтың атанақ ағаштағы өлими ҳәм тирилиўи арқалы олар бул дүньяда да, ол дүньяда да қутқарылыўға ийе. Сол себептен исениўшилер өлгеннен кейин Қудай менен бирге жәннетте болыўына қатал түрде исенеди (Шығ 14:1-31; 15:1-21; 52:13-21; Бий 3:9, 15; 2Пат 22:2-3; Заб 39:18; 77:35; Ийш 42:1-4; 43:3, 11; 49:26; Езк 37:23-25; Дан 6:27; Лук 1:47, 69-70; 2:10-11, 30-31; Юхн 3:15-16, 36; 5:24; 6:40; Елш 2:38-39; 4:11-12; 10:43; 16:30-31; 1Пет 1:3-5; 1Юхн 4:15-17; 5:13; Рим 1:16-17; 5:9-10; 3:20-24; 8:1-2; 8:15-16; 8:24, 29-30; 10:9-10; 10:12-13; 1Кор 1:18; 2Кор 1:21-22; 5:1-2, 6-8; Эфс 1:13-14; 2:4-9; 1Сал 4:16-17; 5:9-10; 1Тим 1:1; 2:3; 2Тим 1:9-10; Тит 1:3-7; Евр 9:27-28; Аян 22:3-5).

**қыз Сион** – Ерусалимди аңлатады (Заб 9:15; Ийш 10:32; Ерм 4:31).

**лебийли, лебийлилер** – Яқыптың улы Лебий урыўынан болған адамлар. Қудай Лебий урыўынан болған Харонның әўладын Израил халқының руўханийлери етип таңлаған еди. Лебий урыўының қалған адамлары диний мәресимлерди орынлаўда жәрдем берди. Буннан тысқары олар Муқаддес шатырға, кейин ала Ибадатханаға, оның үскене ҳәм буйымларына да жуўапкер болды. Қудай Израил халқының туңғыш улларының орнына Лебий урыўын Өз хызметине алған еди. Өйткени Израилдың туңғыш уллары Қудайға тийисли еди. Кейин патша Дәўыт лебийлилердиң базыларын Қудайға сыйыныў ўақтында қосық айтыўға ҳәм саз шертиўге тайынлады (Сан 3:5-13, 40-51; 1Жлн 6:31-32; 23:25-29, 32; 23:30-31).

**Лира** – Тарлы саз әсбап (1Пат 10:5).



**май** – Муқаддес Китапта май сөзи астында көбинесе зәйтүн

мийўесинен алынған май нәзерде тутылады. Әййемги Израилда зәйтүн майынан кең пайдаланылған. Шыралар ушын, теридеги жара ҳәм жарақатларды шыпалаў ушын зәйтүн майы қолланылған. Сондай-ақ, бай адамлар денелерин қәстерлеў ушын ең сапалы зәйтүн майынан пайдаланған. Базыда зәйтүн майы әтир менен араластырылып, жағымлы ийис шығарыў ушын шашқа, териге сүртилген. Бир адамды руўханий, пайғамбар ямаса патша қылып тайынлаў ўақтында басына жоқарғы сападағы зәйтүн майы қуйылған. Мухаддес шатырдағы ҳәм Ибадатханадағы буйымларды мухаддес қылыў ушын да зәйтүн майы қолланылған. Улыўма алғанда, май аўызбиршилик, абаданшылық, пәклик ҳәм Қудайдың Руўхының қүдиретли белгиси болған (Шығ 29:40; 30:25-33; Сан 28:5; 3Пат 5:11; 17:12; Мрк 6:13).

**майлаў** – Ески келисим дәўиринде Қудай бир адамды руўханий, пайғамбар ямаса патша қылып таңлағанда оның басына зәйтүн майын қуйыўға буйрық беретуғын еди. Зәйтүн майы Қудай Руўхының белгиси болып, май қуйылған адамның пәкленгенин ҳәм оған қүдирет берилгенин билдиретуғын еди. Усы жол менен таңланған адам, әсиресе патша еврей тилинде «машиах», яғный «май сүртип таңланған» деп аталатуғын еди. «Машиах» сөзи кейин ала лаўазым сыпатында қолланылатуғын болды. Мухаддес шатырдағы ҳәм Ибадатханадағы буйымлар да зәйтүн майы сүртилиў арқалы мухаддес қылынған (Шығ 40:13-15; 1Пат 10:1; 16:3; 3Пат 19:16; Ийш 45:1; Заб 17:51; Лук 4:18).

**Масийх** – Масийх еврейше «Машиах» сөзинен алынған, грек тилине «Христос» деп аўдарылған. Еврей тилинде бул сөз «майланған» деген мәнини билдиреди. Әййемги Израилда бир адамды руўханий, пайғамбар ямаса патша қылып тайынлаў ўақтында, оның басына зәйтүн майы қуйылып майланған. Бул ис-ҳәрекет сол адамның Қудай тәрепинен таңланғанын ҳәм Қудайдың хызметине бағышланғанын билдиреди. Сол себептен Масийх сөзи «Қудай тәрепинен таңланған» деген мәнисти де аңлатады.

Ески Келисимдеги пайғамбаршылықларда, бир күни патша Даўыттың әўладынан болған биреў Израил халқын душпанларынан қутқаратуғыны ҳәм жер жүзинде мәңги әдалат орнатып, барлық халықлар үстинен ҳүкимдарлық қылатуғыны айтылады. Кейин ала яҳудийлер ўәде қылынған сол қутқарыўшыны «Масийх» деп атайтуғын болды. Яҳудийлердиң ели Рим империясының қол астында қалғанда көп яҳудийлер, Масийх келип, бизлерди душпанымыздан қутқарады ҳәм Израил патшалығының уллылығын қайта тиклейди, деп үмит қылған.

Жаңа Келисим бойынша, Ийемиз Ийса Ески Келисимдеги пайғамбаршылықларда айтып өтилген Масийх. Ийса Масийх Өз ўазлары арқалы Қудайдың Патшалығы

келиўин жәриялаған, бирақ бул Патшалық жер жүзиндеги патшалық емес еди. Ийса Масийх атанақ ағаштағы өлими арқалы шайтанның қүдиретин жоқ қылды, гүнаға ҳәм өлим қорқынышына қул болған пүткил адамзатқа азат болыў мүмкиншилигин берди. Соның ушын, Ийсаға исенгенлер Оны «Масийх» деп атайды (Мат 1:16-17; 2:4; 16:16; Мрк 9:41; Лук 2:11; 24:26, 46; Юхн 1:17; 7:41; Елш 2:31; Рим 1:4-6).

**мәжилисхана** – Грекше «синагога» сөзи адамлардың жыйынын аңлатады. Бул Жаңа Келисимниң китапларында ушырасады. Яқыптың хаты 2:2 де масийхыйлар жыйыны усылай аталады. Мәжилисханалар Бабилония сүргининен кейин, әсиресе Эзраның жаңалық киргизгени нәтийжесинде пайда болған болыўы мүмкин. Израил халқы жат бутқа табыныўшы елге тарқалып кетип, Ибадатханадағы улыўма хызмет миллий ҳәм диний өмирди бирлестиретуғын күштен айырылғанлықтан, олар ҳәр түрли жерде, яғный мәжилисханаларда жыйналыўға мәжбүр болған. Олар Қудай Ийениң өткен ўақытлардағы ислерин еске алып, Оннан жәрдем бериўди ҳәм қутқарыўды сораған.

Бабилониядан қайтып келгеннен соң, Эзра ҳәм Нехемияға уқсаған азаматлар халықты Қудайдың сөзин тыңлаў ушын жыйнады ҳәм оларды Мухаддес Китапларды изертлеўге шақырды. Сонда мәжилисхана бутқа табыныўшылық себепли қатал жаза алған адамлар орталығында оянған жаңа өмирдиң тәбийғый көринисине айланды. Сол себептен, Ийемиздиң иниси Яқып былай деди: «Өйткени әййемги ўақытлардан бери Муўсаның Нызамы ҳәр бир қалада жәрияланып киятыр ҳәм ҳәр дем алыс күни мәжилисханаларда оқылмақта» (Мат 4:23; Мрк 3:1; Лук 4:15; Елш 15:21; 19:8).

**мәңгилик өмир** – Мухаддес Китапта мәңгилик өмир тек ғана ўақыттың даўамын емес, ал өмирдиң мазмуны, яғный Қудай менен бирликте жасаўды, Оның мийрими ҳәм берекетлеринен ләззет алыўды билдиреди. Ески Келисимниң базы бөлимлеринде ҳақ адамлар Қудай менен мәңги жасайтуғыны ҳаққында жазылған, айырым ҳалларда өлилердиң тирилиўи ҳаққында айтып өтилген.

Жаңа Келисимде мәңгилик өмир не екенлиги ҳаққында кеңирек ашып берилген. Инсанның денеси өлсе де, руўхы өлмейди. Ийса Масийхқа ҳәм Оны жиберген Қудайға исенген адам мәңги өмирге ийе болады. Бундай адам ушын мәңги өмир усы дүньяда жасап атырған ўақтында басланады. Ол өлсе де ақыретте тириледи ҳәм оннан кейин ҳеш қашан өлмейди. Ақырзаман күни Қудай ҳақларға мәңгилик өмирди сый қылып береди, олар жәннетте жасап, бул дүньядағы барлық жаўызлықлардан азат болады. Гүнакарларға болса мәңги жаза бериледи, олар мәңгиге Қудайдан айырылады (Заб 15:9-11; 22:6; Ийш 26:19; Дан 12:2; Мат 5:12; 25:34, 46; 25:41, 46; Лук 16:22-23; 20:37-38; 23:42-43; Юхн 3:15-16, 36; 5:24, 28-29; 6:40; 10:27-28; 1Пет 1:4; 1Юхн 5:13;

2Кор 4:16-18; 5:1-2, 6-8; Эфс 2:4-6; Фил 1:21-23; 3:13-14; Евр 12:22-24; Аян 20:11-15; 21:1-4; 22:1-5).

**Мидия** – Қүдиретли патшалық болып, ҳәзирги Иран мәмлекетиниң арқа-батысында жайласқан еди. Б. э. ш. 550-жылға келип, Мидия ҳәм Персия патшалығының ең әҳмийетли аймағына айланды, соның ушын Персия нызамлары «Мидия ҳәм Персия нызамлары» деп аталатуғын болды (Эст 1:19; Дан 6:8).

**Мидян, мидянлылар** – Ибрайымның тоқалы Қатурадан туўылған улларынан бири. Мидяннан тарқалған әўлад мидян халқы деп аталған еди. Олар көшпели халық болып, көбиси ҳәзирги Ақаба қолтығының шығыс тәрепиндеги шөлде жасайтуғын еди. Соның ушын, ол жерлер мидян халқының ели, сол жерде жасаған халық мидянлылар деп аталған (Жар 25:1-2; Шығ 2:11-15; Бий 6-бап).

**мийрим** – Мухаддес Китапта «мийрим» ҳәм «мийримли» сөзлери әдетте Қудайға ҳәм Оның қылған ислерине қарата қолланылады. Мийрим сөзиниң тийкарғы мәниси – Қудай уллылығы ҳәм шексиз сүйиспеншилиги себепли Өз қәлеўи менен инсанларға берекет береди. Бул дүнья жаратылғаннан берли Қудайдың мийрими адамзат ҳәм пүткил жанзаттың өмиринде көринип тур. Қудай оларға өмир бағышлайды ҳәм жасаў ушын керекли болған затларды жеткизип турады. Қудай барлық халыққа мийрим көрсетеди. Ески Келисимде Қудайдың Израил халқына болған шексиз мийримин Израил тарийхының ҳәр түрли дәўирлеринде көриўимиз мүмкин. Израил халқының кәраматлы түрде Мысырдағы қуллықтан азат болғаны бунның айқын мысалы болады.

Жаңа Келисимде Ийса Масийхтың бул дүньяға келип, Оған исенгенлерге қутқарылыў бергени Қудайдың адамзатқа көрсеткен мийриминиң ең айқын дәлили. Ийса Масийх арқалы Қудай адамларды гүнадан азат қылып, ақлайды ҳәм оларға мәңги өмир бағышлайды. Бул мийримге ҳеш ким ылайықлы емес ҳәм мийрим инсанның қылған саўап ислерине байланыслы емес. Қудайдың көрсеткен мийримине минәсип болыў – гүнадан жүз бурып, Қудайға бойсыныў. Қудай Өз мийрими арқалы исениўшилерге Мухаддес Руўхын береди. Олар Мухаддес Руўх арқалы бул дүньяда Қудайға хызмет қылады (Жар 6:8; 19:16; 50:4; Шығ 33:12-13; Сан 14:8; Нзм 13:17; Аюп 33:24 Заб 17:51; 39:11; 101:14; 110:4; 144:8; Ерм 31:2-3; Жоқ 3:32; Дан 9:18; Юнс 4:2; Лук 1:30; Юхн 1:17; Елш 4:33; 7:46; Рим 5:15; 6:1-2, 14-15; 11:5-6; 12:6-8; 1Кор 15:10; Эфс 1:7-8; 2:4-5, 8-9; 2Сал 1:11-12; 2Тим 1:9-10; Тит 2:11-14; 3:4-7).

**Михаил** – Мухаддес Китапта еки периштениң аты айтып өтилген, биринշиси – Михаил, екинշиси – Жабрайыл. Михаил бас периштелердиң бири болып, Израил халқының қорғаўшысы деп аталған. Михаил ҳәм оның қол астындағы периштелер шайтан ҳәм оның жаўыз периштелери менен саўаш қылып, оларды көктен

қуўып жиберген (Дан 10:13, 21; 12:1; Яху 9; Аян 12:7-9).

**Моаб, моаб халқы, моаблылар** – Бул халық Ибрайымның иниси Лут әўладынан еди. Моаб ели Өли теңиздиң шығыс тәрепиндеги төбешикли өнимдар жерлерде жайласқан еди. Моаб халқы қудай Кемошқа табынатуғын еди. Моаб тили еврейшеге жақын. Бирақ олар Израил халқының душпаны еди. Израилдың пайғамбарлары моаб халқының аянышлы тәғдири ҳаққында көп пайғамбаршылық қылды. Бабилониялылар оларды қырып таслағаннан соң, бул халық жоқ болып кетти (Жар 19:37; Шығ 15:15; Сан 21:11; Ийш 15–16 баплар; Ерм 48-бап; Сеф 2:8-11).

**Молох, Милком** – Аммон халқының табынған қудайы. Адамлар өз перзентлерин қурбанлық қылыў арқалы Молохқа, яғный Милкомға табынған. Ал Қудайдың нызамларында бундай үрпәдет пүткиллей қадаған етилген. Деген менен, Ерусалимге жақын жердеги Ҳинном ойпатлығында Израил халқы да Молохқа табынып, перзентлерин қурбанлық қылған (Леб 18:21; 20:2-5; 3Пат 11:7; Ерм 32:35).

**мөр** – Жип пенен мойынға асып жүретуғын цилиндр сыяқлы буйым ямаса мөр жүзиги. Әййемде бир хатты ямаса ҳүжжетти рәсмийлестириў ушын, оған мум, қорғасын ямаса басқа бир жумсақ нәрсе сүртилип, үстинен мөр басылған. Соның менен бирге, бул мөр хат ямаса ҳүжжет жиберип атырған адамның ҳүкимдарлығын ҳәм бийлигин билдирген (Жар 38:18; 3Пат 21:8; Эст 3:10).

**Мухаддес** – Мухаддес Китапта мухаддес сөзи көбинесе Қудайға қарата айтылған. Бул сөз Қудайдың пүткил барлықтан жоқарылығын ҳәм теңсизлигин билдиреди. Ол жалғыз, ҳақыйқый Қудай. Қудай пүткиллей пәк, гүнасыз ҳәм минсиз.

Мухаддес сөзи затларға да, адамларға да айтылған. Мухаддес сөзи «пәк, арнаўлы, айырып алынған, бағышланған» мәнислерин билдиреди. Бул сөз Мухаддес шатырдағы, кейин ала Ибадатханадағы буйымларға ҳәм үскенелерге қолланылған. Мухаддес орын ямаса буйым Қудайға бағышланған болып, оларға абайлы болып ҳәм итибар менен мүнәсибетте болыў талап қылынған. Мухаддес шатырда, кейин ала Ибадатханада хызмет еткен руўханийлер де мухаддес есапланған. Руўханийге қолланылған мухаддес сөзи оның Қудайға хызмет етиўине бағышланғанын ҳәм айрықша ўазыйпасы болғанын көрсетеди. Адамлар ҳәм буйымлар Таўратта буйырылған қурбанлықлар ҳәм диний мәресимлер арқалы пәкленип, мухаддес қылынған.

Қудай Өз халқына: «Мухаддес болыңлар», деп буйырған. Бунның мазмуны мынадан ибарат, Израил халқы басқа халықлардан айырылып турыўы, өзлерин Қудайға бағышлап, Оның нызамларын орынлаўы керек еди (Шығ 3:5; 12:16; 16;23; 19;6; Леб 19:2; 27:28; 1Пет 1:15; Евр 2:11).

**Мухаддес бөлме** – ЕҢ МУХАДДЕС БӨЛМЕ сөзине қараң.



**Мухаддес Руўх** – ҚУДАЙДЫҢ РУЎХЫ сөзине қараң.

**Мухаддес шатыр** – Израил халқы Қудайға сыйыныў ушын қолланған шатыр. Израил халқы Синай таўында турғанда, Қудай Муўсаға Мухаддес шатырды ҳәм оның барлық үскенелерин ислеўди буйырып, олардың анық үлгилерин көрсеткен. Бул шатырды бир орыннан екинши орынға көшириўге болатуғын еди. Мухаддес шатырдың ишинде еки бөлме бар еди. Биринши бөлмеси Мухаддес бөлме, екиншиси Ең мухаддес бөлме деп аталатуғын еди. Мухаддес шатырдың Ең мухаддес бөлмесинде Келисим сандығы сақланған. Бул шатыр Ушырасыў шатыры деп те аталған. Израил халқы қурбанлықлар усынғанда, Қудай Өз халқы менен ушырасыў ушын усы шатырда болатуғын еди. Кейин патша Сулайман Мухаддес шатырдың орнына Қудайға арнап Ерусалимде Ибадатхана қурдырды (Шығ 25:8-9; 26:1-37; 27:9-19; 29:42-43).

**мухаддеслер** – Бул сөз Қудайға бағышланған, Оның хызмети ушын ажыратылған, яғный Қудайға тийисли адамлар деген мәнисти билдиреди. Ески Келисимде бир неше мәрте Израил халқына, Жаңа Келисимде болса Ийса Масийхтың изине ергенлерге қарата мухаддеслер деп айтылады (Дан 7:18, 21; 8:24; Елш 9:13, 41; Рим 8:27; 1Кор 6:1; 2Кор 1:1; Эфс 1:15; Фил 4:22; Аян 11:18).

**Мысыр** – Мысыр Ески Келисимде көп тилге алынған ҳәм дүнья тарийхында әҳмийетли из қалдырған. Мысыр ҳүкимдарлары «Фараон» деп аталған. Мысыр цивилизациясы жүдә раўажланған, халық аралық саўдада баслы орын тутқан. Нил дәрьясының суўлары ҳәм жемисли жерлери Мысыр турғынларын азық-аўқат пенен ҳәмме ўақытта тәмийинлеп турды.

Ашлық дәўирде Юсуп Мысыр халқын ҳәм әкеси Яқыптың барлық шаңарағын қутқарып қалады. Юсуптиң әкеси Яқып ҳәм оның

шаңарағы Қананнан Мысырға көшип келеди. Бир неше әўлад өткеннен соң Яқыптың әўлады Мысырда қул болып қалады. Муўса пайғамбар Қудайдың буйрығы менен кәраматлар көрсетип, Израил халқын қуллықтан азат қылады ҳәм Мысырдан алып шығады. Мысыр ҳүкимдарлары көбинесе өз елинен сыртқа, әсиресе Қанан елине үлкен сиясий тәсир өткизетуғын еди ҳәм базыда әтираптағы жерлерге әскерий жүрислер қылатуғын еди. Қанан Мысырдан арқа-шығыста жайласқан, Израил халқы сол жерлерде жасайтуғын еди (Жар 41:46-49, 53-57; 45:16-20; 46:1-7; Шығ 1:8-14; 2:1–15:21).

**ораза тутыў** – Мухаддес Китапта ораза жүдә әҳмийетке ийе. Инсан илажсыз жағдайларға түсип қалғанда, саўап ушын емес, ал дуўа етиўге берилип, Қудайдың күшине мүтәжлигин билдириў мақсетинде ораза тутады.

Таўрат бойынша, Израил халқы гүналарынан тәўбе қылғанын көрсетиў ушын Пәклениў күни ораза тутыўы керек еди. Сондай-ақ, Израил халқы Бабилонияда сүргинде болғанда да, сүргиннен кейинги дәўирде де қайғылы ўақыяларды еслеў мақсетинде ҳәр жылы ораза тутқан. Ибадатхананың ўайран етилгенин еслеп ораза тутқаны усының бир мысалы болады. Белгиленген оразалардан тысқары, Израил халқы басқа жағдайларда да ораза тутқан. Мысалы, бир адам жақын адамының өлиминен соң өз қайғысын билдириў, қыйын жағдайда Қудайдан жәрдем сораў, өз гүнасынан тәўбе қылғанын ямаса басқаларға дәртлес екенин көрсетиў мақсетинде ораза тутқан.

Ораза әдетте дуўа менен байланыслы болып, Қудайдан жол-жорық алыў ҳәм күш-қуўат сораў ушын, биреўдиң қыйын жағдайын аңсатластырыў ушын тутылған (Леб 16:29-31; 23:26-29; 1Пат 7:6; 2Пат 1:12; 12:15-23; 2Жлн 20:3-4; Эзр 8:21-23; 10:6; Нхм 1:4; Эст 4:3,15-17; Заб 34:13; Ийш 58:3-12; Ерм 14:10-12; Дан 9:3-4; Юнс 3:5-8).

**орама китап, орама қағаз** – Әййемги ўақытларда китаплар әдетте узын орама түринде болып, олар папирус ямаса ийленген териден исленген (Ерм 36:22-23; Езк 2:9-10; Зхр 5:1-2; Аян 5:1-2, 4-8).



**Өлилер мәканы** – Әййемги Израил халқы Өлилер мәканын жер астындағы түпсиз шуқырлық, марҳумлар баратуғын қараңғы жер, деп түсинген (Аюп 17:13; Ийш 14:9; Аян 6:8).

**өңирше, қалталы өңирше** – Бас руўханий көкирегине тағатуғын, қымбатбаҳа таслар менен безелген арнаўлы қалта. Қалталы



өңиршеге Урим ҳәм Туммим деген мухаддес затлар салынған еди. Бас руўханий Қудайдың еркин билиў ушын Урим ҳәм Туммимди қолланған (Шығ 28:15-30).

**пайғамбар** – Қудайдың хабарын адамларға жеткизетуғын инсан. Ески Келисим дәўиринде Израил халқының пайғамбарлары халықты гүнадан тәўбе қылыўға ҳәм Қудайға қайтып келиўге шақырған. Базыда олар ҳәттеки ҳүкимдарлардың ҳәм басқа халықлардың гүналарын ашып, оларды да туўры жолдан жүриўге шақырған. Пайғамбарлар өз хабарлары арқалы келешекте жүз беретуғын ўақыялар ҳаққында пайғамбаршылық қылған, адамларға жигер берген ҳәм жүз беретуғын апатлардан халықты алдын ала ескерткен. Әдетте олар хабарларында ҳәр түрли салыстырма түрдеги сүўретлеўлерден пайдаланған. Базы пайғамбарлардың жазып қалдырған пайғамбаршылықлары, аянлары ҳәм хабарлары кейин ала Ески Келисимге киргизилип, бул жазыўлар сол пайғамбарлардың атлары менен аталған.

Жаңа Келисим дәўиринде Қудай базы масийхыйларды пайғамбарлық хызметине тайынлаған. Бул пайғамбарлар исениўшилерге Қудайдың сөзин жеткизген. Базыда олар Мухаддес Руўх илҳамы менен пайғамбаршылық та қылған. Мухаддес Китапта жалған пайғамбарлар ҳаққында да айтып өтилген. Олар Қудайдан хабар алып келдик, деп адамларды алдап, жолдан урған (Жар 20:7; Шығ 15:20; Нзм 34:10; Бий 4:4; 1Пат 3:20; Ийш 13:1; Ерм 1:5; Елш 11:27-28; 21:10-11; 1Кор 12:28; 14:1-5, 29-33; Эфс 4:11-12).

**парисей** – Ийса Масийхтың дәўиринде болған яҳудийлердиң әҳмийетли бир диний топары. Бул атама еврейшеде «ажыратылған» деген мәнисти билдиретуғын сөзден келип шыққан. Парисейлер Таўрат нызамларына қатал түрде әмел қылатуғын еди, соның менен бирге, аўызеки тарқалған үрпәдетлерге ҳәм пәклениў рәсимлерине де әмел қылатуғын еди. Парисейлер ағымына тек ғана бир неше мың адам кирген болып, улыўма халықтың кишкене бир топарынан ибарат еди. Парисейлер халық арасында абырайға ийе еди. Олардан базылары жоқарғы кеңес ағзалары болған. Айырым парисейлер Ийса Масийхқа исенди, көплери болса Ийсаға ҳәм

Оның тәлиматына қарсы шықты (Мат 27:62; Мрк 7:3; Елш 23:6-9).

**периз халқы** – Израил халқы Қанан жерин ийелеместен алдын сол жерде жасаған халықлардың бири. Периз халқы Қананның ортаңғы бөлегиндеги таўлы жерлерде жасаған (Жар 13:7; 34:30; Шығ 23:23; Ешу 3:10).

**периште** – Бул сөз хабаршы ямаса жиберилген дегенди аңлатады. Еврейше «малах», грекше «ангелос», деп айтылады. Ол Мухаддес Китапта көбинесе әпиўайы хабаршылар ямаса хабарлар ҳаққында сөз етилгенде қолланылады. Мухаддес Китапта периште сөзи ақыл-если жанзатлардың айрықша түри сыпатында түсиндириледи. Негизинде, периштелер адамларға қарағанда басқаша болған жанзатлар болып табылады. Олар Қудайды қоршап турады, Қудай дүньяны басқарғанда, олардан пайдаланады. Қудай периштелер арқалы айырым адамларға ҳәм халықларға жәрдем береди.

Мухаддес Китап периштелердиң адамлар ушын айырым ўақыяларға қатнасқаны туўралы айтылған гүрриңлерге бай. Қудай көрсеткен аянлардың баслы мәўритлеринде периштелер өз хызметин айрықша көрсете алған. Мысалы: Синай таўында Мухаддес Нызам жәрияланғанда, Масийх туўылғанда, Оның түр-түси өзгергенде, Ол Гетсемани бағында дуўа еткенде, өлимнен қайта тирилип, аспанға көтерилип кеткенде, олар Қудайдың буйрықларын орынлап, Оның қолында тек әсбап болып хызмет етеди. Соның менен бирликте, Мухаддес Жазыў барлық исениўшилер периштелердиң панасы ҳәм қорғаўы астында екенин ҳәм периштелердиң гүнакарлардың қутқарылатуғынына қуўанатуғынын үйретеди (Дан 10:13; Мат 1:20; 18:10; 25:31; 28:2; Лук 2:10; 15:10; Елш 5:19; 7:38, 53; 1Пет 1:12; Гал 3:19; Евр 1:14; 12:22).

**Персия** – Әййемги қүдиретли патшалық. Персия патшасы Кир Бабилонияны басып алғаннан соң, Персия патшалығының пайтахты ҳәзирги Ирактың қубласында жайласқан Бабилон болды. Бирақ патша Дарий Персеполис деген таза пайтахт қурдырады. Бул патшалық «Мидия ҳәм Персия» деп те аталады, себеби Мидия бул патшалықтың әҳмийетли ўәлаятларынан бири еди. Персия нызамлары «Мидия ҳәм Персия нызамлары» деп аталған. Даниел пайғамбар Персия ҳүкиметинде жоқарғы лаўазымды ийелеген еди. Эстер китабында сүўретленген ўақыялар Суза қорғанында – Персия патшаларының қысқы сарайында жүз берген. Ҳәзирги Өзбекстанның көп бөлеги ҳәм улыўма Орта Азияның көп жерлери б. э. ш. VI әсирде Персия патшалығының қарамағында болған. Тарийхшылар сол дәўирдеги Персия патшалығын Ахаменийлер патшалығы деп те атайды (Эст 1:19; Дан 6:1-28; 6:8).

**Пурим байрамы** – Бул байрам еврей календарының он екинши айы болған адар айының 14-15-күнлеринде белгиленген. Ҳәзирги календарь бойынша, бул ай февральдың ортасынан

басланады. Пурим байрамын Персия патшасы Ахашўероштың ҳүкимдарлығы дәўиринде ханбийке Эстер ҳәм оның ағасы Мордохай жәриялаған. Еки күн белгиленетуғын бул байрам даўамында яҳудийлер Қудайдың Израил халқын қырылып кетиўден қалай сақлап қалғанын еслеген. Бул байрамда адамлар шадланған, зыяпатлар берип, бир-бирине саўғалар берген. Бул байрам бабилония тилинде – пур, яғный «шек таслаў» сөзинен алынған (Эст 9:20-32).

**рефа халқы** – Израил халқы Қанан жерин ийелеместен алдын сол жерде жасаған халықлардың бири. Бул халық та анақ халқындай бәлент бойлы, күшли болған деп айтылады (Жар 15:20; Нзм 2:11; 3:11; Ешу 13:12).

**Руўханий, бас руўханий** – Диний хызмет ҳәм мәресимлерди өткериў ушын айрықша таярланған адам. Әййемги Израилда Таўрат бойынша, руўханий Лебий урыўынан, Муўсаның ағасы Харон әўладынан болыўы керек еди. Руўханийлер Мухаддес шатырда, кейин ала Ерусалимдеги Ибадатханада хызмет еткен. Олар сыйыныў ўақтында басшылық қылып, қурбанлықлар беретуғын еди, диний дәстүр ҳәм мәресимлерди өткеретуғын еди. Руўханийлерге хызмет ўақтында лебийлилер жәрдем берген. Мухаддес шатырдың Мухаддес бөлмесине, кейин ала Ибадатхананың Мухаддес бөлмесине кириўге тек ғана руўханийлердиң ҳуқықы бар еди. Руўханийлерге Израилда жер үлес берилмеген еди. Таўрат бойынша, олар берилген қурбанлықлардан үлес алып, күнделикли мүтәжликлерине қолланатуғын еди. Руўханийлерге адамлар арасындағы келиспеўшиликлерди шешиў ҳәм Қудайдың нызам ҳәм қағыйдаларын халыққа үйретиў ўазыйпасы тапсырылған еди.

Бас руўханий өз ўазыйпасын орынлаў ушын арнаўлы кийимлер кийген. Бул кийимлер эфод, баҳалы үст кийим, нағыслы узын көйлек, сәлле, белбеў ҳәм он еки тас тағылған қалталы өңиршеден ибарат еди. Бас руўханий жылына бир мәрте – Гүнадан пәклениў



күнинде өзиниң ең әҳмийетли ўазыйпасын орынлаған. Сол күни бас руўханий Мухаддес шатырдың, кейин ала Ибадатхананың Ең мухаддес бөлмесине кирген. Бул бөлмеде ол өзин ҳәм Израил халқын гүнадан пәклеў мәресимин өткерген (Шығ 28-бап; Леб 8:6-9; Сан 18:8-20).

**садақа** – Адамлар Қудайға сыйынып, өз исенимин ҳәм иззет-ҳүрметин билдириў ушын беретуғын нәрсе. Таўрат нызамы бойынша еки садақа түри бар, булар мынадай: ғәлле садақасы ҳәм ишимлик садақасы (Шығ 25:29; 29:28; Леб 2:2).

**саддукей** – Ийса Масийхтың дәўиринде болған яҳудийлердиң әҳмийетли бир диний топары. Бул топар руўханийлерден ҳәм жоқарғы класс адамларынан ибарат еди. Саддукейлер үлкен сиясий күшке ийе болып, Ибадатхана ислерине де ҳүкимин өткизетуғын еди. Жоқарғы кеңес ағзаларының көпшилиги саддукейлерден ибарат еди. Парисейлерден айырмашылығы, олар аўызеки тарқалған үрп-әдетлерди қабыл қылмайтуғын еди, тек ғана Таўратта жазылған нызам ҳәм қағыйдаларға әмел қылатуғын еди, өлилердиң тирилиўине де исенбейтуғын еди. Ийса менен саддукейлер арасында көп келиспеўшиликлер болып туратуғын еди (Мат 3:7; 22:23-33; Елш 4:1-3; 5:17).

**Самария** – Б. э. ш. 885-874-жыллары ҳүкимдарлық қылған патша Омрий дәўиринен баслап, Самария Израилдың, яғный арқадағы патшалықтың пайтахты болды. Ески Келисимде базыда Самария деген атама Израил патшалығының орнына да қолланылған. Жаңа Келисимде болса бул атама астында Иордан дәрьясының батысындағы, Галиланың қубла тәрепиндеги жерлер нәзерде тутылған. Самария Рим империясына қараслы Яҳудия аймағының ишинде еди (3Пат 13:32; 16:23-24; 4Пат 17:24).

**самариялы** – Жаңа Келисим дәўиринде Самарияда туўылған адам. Б. э. ш. 722-жылы ассириялылар Израилды, яғный арқа патшалықты басып алғаннан кейин турғынларының көпшилигин тутқын етип алып кетти. Самария жерине болса жат халықлар мәжбүрий көширилди. Бир неше әсирлерден соң греклер де бул жерлерге орналасып алды. Соның ушын, Рим империясы дәўиринде Самария турғынлары этника жағынан аралас болған. Самариялылар ҳәм яҳудийлер арасында келиспеўшилик бар еди. Самариялылар тек ғана өзлериниң Таўратын Қудай жиберген мухаддес китап деп билетуғын еди. Олардың Таўрат нусқасының яҳудийлердиң Таўратынан өзгешелиги бар еди. Самариялылар Қудайға Ерусалимде емес, ал Гериззим таўында сыйынған. Олар шама менен б. э. ш. 400-жылы Гериззим таўында ибадатхана қурған. Бул ибадатхана шама менен б. э. ш. 128-жылы яҳудийлер тәрепинен ўайран қылынған. Буның ақыбетинде яҳудийлер ҳәм самариялылар арасында қарсылық оғада күшейген (4Пат 17:1-6, 24-41).

**Сидон** – ФЕНИКИЯ сөзине қараң.

**Сион** – Патша Даўыт ебус халқынан тартып алған Ерусалимниң

бир бөлеги Сион деп аталатуғын еди. Бул орын Даўыттың қорғаны деп аталды. Кейин болса Ибадатхана қурылған төбе Сион таўы деп аталатуғын болды. Ески Келисимдеги қосық қатарларында ҳәм пайғамбарлардың жазыўларында Сион сөзи көбинесе Ерусалим қаласына ямаса Қудайдың халқына қарата қолланылған (2Пат 5:6-9; 3Пат 8:1; 4Пат 19:21).

**суў сақлағыш, суў сақланатуғын шуқыр** – Жаўынның суўын бир жерге жыйнаў ҳәм сақлаў ушын исленген жасалма ҳәўиз. Шуқыр етип қазылғаннан соң шуқырдың ҳәмме жағына таслар қалап шығылады. Таслардың үсти сыбалып, қудық сыяқлы етип исленген. Оннан қала берсе, тастай қатты жерлерде де, жерди қазып, ҳәўиз ислеген, тастай болғаны ушын, қазылған шуқырдың дийўалларына тас қалаўдың ҳәжети болмаған (1Пат 13:6; 19:22; 2Пат 3:26; Ийш 22:11; Ерм 38:6).

**суўға шомылдырыў** – Грекше «баптизо» – суўға шомылдырыў ямаса жуўындырыў деген мәнисте. Әҳмийетли диний мәресимлерден бири болып, бул мәресим арқалы инсан өзин Қудайға бағышланғанын көрсетеди. Таўрат нызамлары бойынша, инсан напәкликтен тазаланыў ушын суў менен жуўынып, пәклениў мәресимин өткизетуғын еди. Кейин ала, Ийса Масийх дәўиринде Яқыя адамларды суўға шомылдырылыўға шақырды. Ийса Қудайдың еркин толық орынлаў ушын Яқыя тәрепинен суўға шомылдырылған. Ийса пүткил ел бойлап тәлим берип жүргенде, оның шәкиртлери де Яқыяға уқсап адамларды суўға шомылдыратуғын еди.

Ийса Масийх аспанға көтерилмесинен алдын шәкиртлерине: «Сонлықтан да барып, барлық миллетлерди Маған шәкирт қылыңлар: оларды Әкениң, Улдың ҳәм Мухаддес Руўхтың аты менен шомылдырыңлар», деп буйрық берди. Сол ўақыттан баслап суўға шомылдырыў мәресими Ийсаның өлими ҳәм тирилиўиниң белгиси болып хызмет етеди. Суўға шомылдырылған адам ески өмири ушын өлип, жаңа өмир ушын тирилген есапланады. Шомылдырылыў және исениўшилердиң Ийсаның қаны арқалы гүнадан пәкленгенин де билдиреди (Шығ 29:4; 30:17-21; Мат 3:13-15; Мат 28:18-20; Юхн 3:22-26; 4:1-3; Елш 22:16; 1Пет 3:21; Рим 6:1-5; Кол 2:12; Евр 6:2).

**сүйиспеншилик** – Мухаддес Китапта бул сөз тек ғана адамлардың өз ара мүнәсибетин емес, ал олардың Қудай менен болған жақын мүнәсибетин көрсетиў ушын да қолланылған.

Ески Келисимде буның анық мысалы Қудайдың Израил халқы менен болған мүнәсибети болады. Израил халқы Қудайдың сүйиспеншилигине ийе болғанлықтан, Қудай олар менен келисим дүзиўге шешим қабыллайды. Бул келисимниң шәрти бойынша, Израил халқы Ийеси Қудайды пүткил жүреги менен, жаны менен, пүткил барлығы менен сүйиўи ҳәм Оның буйрықларын орынлаўы тийис еди. Сол буйрықлардың биринде айтылыўы

бойынша адам өзгени өзиндей сүйийиўи керек.

Ийса Масийх Қудайды ҳәм басқаларды сүйиў ҳаққындағы буйрықларды Таўраттың ең әҳмийетли буйрықлары деп есаплаған. Ол Өз шәкиртлерине, бир-бириңизди сүйиңлер, буйрықларыма әмел қылыңлар, деп буйырған. Ийсаның Өзи де аспандағы Әкесин қаншелли сүйетуғынын көрсетиў ушын Оның буйрықларын толық орынлаған.

Қудай пүткил адамзатқа болған сүйиспеншилигин көрсетиў мақсетинде бул дүньяға Өзиниң жалғыз Улы Ийса Масийхты жиберген еди. Ийса Масийх адамзаттың гүнасы ушын қурбан болды. Ийсаға исенген ҳәр бир адам гүналарынан пүткиллей пәкленеди ҳәм мәңги өмирге ийе болады. Қудай сүйиспеншилик булағы болғаны ушын Оған исенгенлер де Қудайдан үлги алып, бир-бирин жақсы көриўи керек (Леб 19:18; Нзм 6:5; 7:6-9; 11:1; Мрк 12:28-34; Юхн 3:16; 13:34-35; 14:15, 21-24, 31; 15:9-10, 12, 17; 1Юхн 4:7-10, 11-12, 16, 19-21; Рим 5:8).

**сүргин** – Бул сөз астында әдетте Израил ҳәм Яҳуда патшалықлары душпанлар тәрепинен басып алынып, турғынларының көпшилиги басқа елге тутқын етип әкетилген дәўир нәзерде тутылады. Мухаддес китапта айтылыўынша Израил ҳәм Яҳуда халықлары Қудайдың ҳүкими ақыбетинде сүргин етилген, себеби олар Қудайдың Муўса арқалы дүзген келисимине садық болмаған еди.

Б. э. ш. 722-жылы Ассирия Израилды, яғный арқа патшалықты басып алды. Ассириялылар Израил пайтахты Самарияны қолға киргизгеннен соң халықтың көпшилигин Ассирияның аймақларына тутқын етип алып кетти. Израил елине болса жат халықларды мәжбүрлеп көширди. Б. э. ш. 605-жылдан баслап, Бабилония халқы Яҳудаға, яғный қубла патшалыққа қайта-қайта ҳүжим қылды. Усы ҳүжимлер ўақтында олар базы яҳудийлерди Бабилонияға тутқынлыққа алып кетти. Даниел пайғамбар деп танылған жас жигит те сол тутқынлар арасында еди. Б. э. ш. 586-жылы бабилониялылар Яҳуда пайтахты Ерусалимди қолға киргизип, оны ўайран қылды. Елдиң көпшилик турғынларын тутқын етип алып кетти. Тутқынға түспеген яҳудийлер Мысырға қашып барды.

Яҳудийлер Бабилония сүргининде болғанда да өзлерине үй салып, саўда ҳәм дийханшылық пенен шуғылланған. Олар өз диний үрп-әдетлерине әмел қылған ҳалда, миллий өзлигин сақлап қалған. Даниел ҳәм Езекиел пайғамбарлар усы сүргин дәўиринде хызмет еткен. Кейин Яҳуда ели Персия ҳүкимдарлығы астында болғанда, яҳудийлерден базылары Зеруббабел ҳәм Ешуа басшылығында Яҳудаға қайтып барып, Ерусалимде Ибадатхананы қайта қурыўды баслаған. Арадан жыллар өтип, Персия патшасының хызметиндеги яҳудий ҳәмелдары Нехемия да Яҳудаға қайтқан ҳәм Ерусалим дийўалларын қайта қурыў ислерине басшылық қылған.

Көп яҳудийлер өз ўатанынан узақта жасап қалған. Эстер китабында Персия патшалығында жасаған яҳудийлер туўралы сөз етилген.

Бул ўақыялар б. э. ш. V әсирде Персия патшалығының пайтахты Сузада болған (4Пат 17:5-24; 24:1-4, 13-16; 25:11-12, 25-26; 2Жлн 36:13-21; Эзр 1:1-5; 2:1-2, 70; 7:1-7; Нхм 1:1-11; Ерм 25:1-11; 43:1-7; 52:1-16, 28-30; Дан 1:1-6).

**Тир** – ФЕНИКИЯ сөзине қараң.

**туңғыш ул** – Әййемги ўақытлары туңғыш ул жоқарғы орынға ийе еди. Әдетте туңғыш улға пәтия берилгенде, оған айрықша берекет тиленген. Туңғыш ул инилерине қарағанда еки есе көп мийрас алған. Әкесиниң өлиминен соң туңғыш ул шаңарақ басшысы есапланған.

Таўрат бойынша, Израил халқында ҳәр бир шаңарақтағы қарыннан биринши шыққан ул Қудайға тийисли болып, Оған бағышланыўы тийис еди. Барлық туңғыш уллардың орнына лебийлилер Мухаддес шатырда, кейин ала Ибадатханада хызмет қылған. Туңғыш улды қайтарып сатып алыўдың белгиси сыпатында руўханийлерге пул садақа етип берилген. Қудай Израил халқының туңғыш улларын Мысырдағы ең кейинги апаттан қурбанлық арқалы қутқарған, кейин ала бул Қутқарылыў байрамы етип белгиленетуғын болды (Жар 25:29-34; 27:1-40; 48:12-20; Шығ 13:1-2, 11-16; 12:26-27; Сан 3:11-13, 40-41; 18:15-16; Нзм 21:15-17).

**усынылған нанлар** – Мухаддес шатырдағы столға, кейин ала Ибадатханадағы столға Израилдың он еки урыўы ушын он еки ашытқысыз нан қойылған. Бул нанлар Жаратқан Ийениң дәргайындағы столға қойылған, соның ушын еврейшеде «дәргайындағы нан» деп те аталған. Нанлар столда бир ҳәпте турғаннан соң, жаңа писирилген он еки нан менен алмастырылған. Столдан алынған нанларды тек ғана руўханийлер жеген. Усынылған нанлар Жаратқан Ийениң дәргайын билдиретуғын нышан болып, Қудай Израил халқының қүдирети ҳәм тәмийинлеўшиси екенлигин де билдирип турған (Леб 24:5-9).

**Ушырасыў шатыры** – Ушырасыў шатырының және бир аты Мухаддес шатыр. Адамлар Муўса арқалы Жаратқан Ийеден мәсләҳәт сораў нийетинде орданың сыртындағы шатырға келген. Жаратқан Ийе сол шатырда Муўсаға сөйлеген (Шығ 39:32; 40:2; Леб 1:1; 10:8).

**фараон** – Әййемги Мысыр патшаларының атамасы (Жар 41:1; Шығ 6:27).

**Феникия** – Израилдан арқа тәрепте Жер Орта теңизи бойында жайласқан жер. Бул жер Тир, Сидон, Арўад ҳәм Габол қалалары тәрепинен бақлаў астында болған. Ҳәзирги Ливан мәмлекетиниң Жер Орта теңизи бойындағы жери әййемги Феникия жерине туўры келеди (3Пат 5:1; 2Жлн 2:3,11; Мрк 7:24; Елш 11:19; 15:3; 21:2).

**филист халқы, филистлер, Филистия** – Әййемги дәўирлерде Филистияның турғынлары филист халқы деп айтылған. Қанан жериниң қубла-батыс тәрепинде, Жер Орта теңизиниң бойында жайласқан еди. Жер Орта теңизиндеги Крит атаўында жасаған

халықтан келип шыққан болыўы мүмкин. Филист халқы Газа, Ашкелон, Ашдод, Гат, Экрон қалаларына тийкар салған (Жар 26:1; Шығ 13:17; Бий 13:1; 2Пат 5:17).

**Хабашстан** – Еврейшеде бул «Куш» деп аталған. Жар 10:6 аят бойынша Хабашстанның турғынлары Нухтың ақлығы Куштың урпақлары болады. Хабашстан Мысырдың қубласында, шама менен Нубия ямаса Эфиопия аймағында жайласқан (4Пат 19:9; Эст 1:1; Заб 86:4; Ийш 11:11; Сеф 3:10).

**хет халқы, хетлер** – Ески Келисим дәўириниң басында бул атама Қанан нәсилинен болған Хеттиң әўладына айтылады. Ибрайым жасаған заманда Қанан елинде бир неше халықлар жасайтуғын еди. Олардың бири хет халқы еди. Хет халқынан болған Эфрон деген адам Ибрайымға Сараны жерлеў ушын жер сатқан еди. Израил халқы Қананды басып алғанда, хет халқын да жеңилиске ушыратқан еди. Патша Сулайман хет әўладларын аўыр жумысқа жумсаған. Б. э. ш. XVII әсирден XII әсирге дейин хет халқының патшалығы уллы бир патшалық болып, көп жерлерди ийелеген. Бул жерлер ҳәзирги Туркиядан қублаға қарай, Сирияға дейин созылған еди. Кейин ала Ассирия хет халқын жеңилиске ушыратып, олардың жерлерин басып алған (Жар 10:15; 23:1-20; 3Пат 9:20-21).

**хиў халқы, хиўлер** – Израил халқы Қанан жерин ийелеместен алдын сол жерде жасаған халықлардың бири. Хиў халқы Қанан елиниң орайында жасаған (Шығ 3:8; Нзм 7:1; Ешу 3:10; 3Пат 9:20).

**Хош Хабар** – Ески Келисим пайғамбарлары Масийх ҳаққында көп пайғамбаршылық қылған. Интизарлық пенен күтилген Масийхтың келгени ҳаққындағы хабар Жаңа Келисимде Хош Хабар деп аталады. Ийса адамзатты гүна ҳәм өлим күшинен азат қылыў ушын келген. Ийса Масийхқа исенген ҳәр бир адам, миллетинен тысқары, Қудайдың Патшалығына кире алады.

Ийса Масийх жер жүзиндеги хызмети даўамында Өз шәкиртлери менен бирге: «Қудайдың Патшалығы жақынласты!» деп жәрия қылып, адамларды тәўбе қылыўға ҳәм Хош Хабарға исениўге шақырған. Ийсаның Өз тәлиматы ҳәм қылған ислери, адамзатты гүналардан азат қылыў ушын атанақ ағашта жан бериўи ҳәм үшинши күни өлимнен тирилиўи арқалы адамлар Хош Хабарды және де толық түсине баслады. Ийса аспанға көтерилместен алдын шәкиртлерине Хош Хабарды пүткил дүнья бойлап тарқатыў ўазыйпасын тапсырды. Шәкиртлер Ийсаның Масийх, яғный Қудай тәрепинен жиберилген Қутқарыўшы екенин айтып, Хош Хабарды жәриялай баслады.

Хош Хабар сөзи Жаңа Келисимдеги биринши төрт китапқа қолланылған. Бул Хош Хабарларда Ийса Масийхтың өмири, хызмети ҳәм тәлими сөз етилген (Мат 4:23; 10:7; 24:14; 28:18-20; Мрк 1:14-15; Лук 2:10-11; 4:16-21; 7:20-23; 24:44-48; Елш 1:8; 4:12; 5:42; 1Кор 15:1-4).

**ҳалилуйя** – Еврейше сөз болып, «Жаратқан Ийени алғыслаң» деген мәнисти билдиреди (Заб 110:1; 149:1; 134:1; Аян 19:1).

**Шаббат күни** – Израил халқында ҳәптениң жетинши күни, бизлердиң ҳәптемиз бойынша шемби күни. Бул күн мухаддес есапланып, дем алыў күни болған. Қудайдың Муўса арқалы берген нызамы бойынша, Шаббат күни жумыс ислеў қадаған етилген еди. Израил халқы Шаббат күнин Қудайға шүкир айтыўға бағышлаған. Бул күнде руўханийлер арнаўлы қурбанлық усынған.

Жаңа Келисим дәўирине келип, дин хызметкерлери Шаббат күнине тийисли қыйын қағыйдалар дизимин жаратқан. Ийса Өз тәлиматы ҳәм қылған ислери менен бул дизимге қарсы шығып, адамларға дем алыў күниниң негизги мәнисин түсиндиреди ҳәм инсан Шаббат күни ушын емес, ал Шаббат күни инсан ушын жаратылғанын айтады (Шығ 20:8-11; 31:12-17; Леб 23:3; Сан 28:9-10; Нзм 5:12-15; Мат 12:1-14).

**шайтан** – Аспандағы жанзат, гүнакар периштелердиң басшысы. Бул периштелер жаўыз руўхлар, жинлер деп те аталған. Шайтан Қудайға ҳәм Қудайдың халқына қарсы шығады. Ол ҳәмме ўақытта жаўызлық қылыўға ҳәрекет етип, адамларды алдайды ҳәм оларды Қудайдың жолынан азғырады. Ийса Масийх күшли ерки ҳәм кәраматлары арқалы шайтаннан үстем екенлигин көрсетти. Жаңа Келисимде, бир күни шайтан пүткиллей жеңилиске ушырайды, деп жазылған.

«Шайтан» деген атама еврей тилиндеги «душпан, айыплаўшы» мәнисин билдиретуғын сөзден келип шыққан. Жаңа Келисимде шайтан ҳәм азғырыўшы деп те айтылады. Жаңа Келисимде, шайтан адамларды азғырыўға салады, деп айтылған. Ол «бул дүньяның ҳәкими» деп те аталған (Зхр 3:1; Мат 4:1-11; 25:41; Лук 8:12; Юхн 8:44; 12:31; Елш 10:38; 1Юхн 3:8; 2Кор 4:4; 1Сал 2:18; Аян 12:9,10; 20:10).

**шек** – Шек таслаўда ағаш бөleклери ямаса таслар қолланылған, усы арқалы Қудайдың еркин анықлаған. Базыда адамлар шек таслап, Қудайдан бир исти қалай ямаса қашан ислеў кереклигин сораған (Леб 16:8; Ешу 19:1; Юнс 1:7).

**Эдом, эдом халқы, эдомлылар** – Бул халық Яқыптың ағасы Эсаўдан келип шыққан. Эдом халқы Өли теңиздиң қубла ҳәм қубла-шығысындағы таўлы Сеир жеринде жасаған. Бул халық Израил халқының душпаны болып келген. Даўыттың ҳүкимдарлығы дәўиринде Израил халқы эдомлылардың жерин басып алды. Бирақ Даўыттың ҳүкимдарлығынан соң эдом халқы Израилға қарсы бас көтерип турған ҳәм нәтийжеде өз ғәрезсизлигине ерискен еди (Жар 36:8-9; Сан 20:14-21; 2Пат 8:13-14; 3Пат 11:14-22; 4Пат 8:20-22).

**эфод** – Еврейше сөз, бас руўханийдиң кийетуғын арнаўлы кийимин усылай атаған. Эфодқа тағылған қалталы өңиршеге Урим ҳәм Туммим деген мухаддес нәрселер сақланған. Айырым

жағдайларда руўханийлер Қудайдың еркин билиў ушын Урим ҳәм Туммимнен пайдаланған. Ески Келисимниң базы аятларында эфод сөзи руўханийлердиң кийетуғын кийимине қолланылып, бул кийим зығыр таўардан тигилген. Бийлер китабында бул сөз бутты ямаса адамлар пал ашыў ушын пайдаланған затты билдирген (Шығ 28:6-14; 29:5; Бий 8:27; 17:5; 1Пат 23:9-12).

**Эфрайым** – Яқыптың улы Юсуп Мысырда еки уллы болады, үлкени Менашше, генже баласы Эфрайым еди. Эфрайым ҳәм Менашше урыўлары Юсуптиң усы еки улынан келип шыққан. Эфрайым генже ул болса да, Яқып оны Менашшеден жоқары қойып, пәтия берген.

Патша Сулайманның өлиминен соң арқадағы он урыў қубладағы Яҳуда ҳәм Бенямин урыўларынан ажыралып шықты. Бул он урыў өз алдына мәмлекет қурып, Израил патшалығы деп аталды. Бул елдиң пайтахты Самария болды. Арқадағы урыўлар арасында Эфрайым ең үлкен урыў болғаны ушын, Ески келисимниң базы қатарларында Эфрайым деген атама он урыўға ҳәм олар орнатқан Израил патшалығына қарата қолланылған (Жар 48:17-20; 3Пат 11:26–12:24).

**Яқып** – Яқып Ибрайымның ақлығы, Ысақтың улы еди. Яқып Пенуелде Қудай менен гүрескеннен соң, Қудай оған «Израил» деп ат қойды. Соның ушын, Ески Келисимде Яқыптың әўладлары «Израил халқы» деп аталған. Көбинесе Ески Келисимдеги пайғамбарлар жазыўларында ҳәм қосық қатарларында Израил халқы Яқып ямаса Яқыптың әўлады деген ат пенен айтылады (Жар 32:28-29; 35:10; Мат 13:55; 17:1; 27:56; Гал 1:19).

Жаңа Келисимде Ийсаның он еки елшиси арасында Яқып атлы еки шәкирти бар еди. Ийсаның Яқып деген иниси де болып, ол Ерусалимдеги жәмәәттиң абырайлы жолбасшысы ҳәм Жаңа Келисимдеги «Яқыптың хаты» авторы еди (Жар 32:28-29; 35:10; Мат 13:55; 17:1; 26:36; Гал 1:19).

**Яҳуда** – Яқыптың он еки улының бири болып, Яҳуда урыўының бабасы еди. Яҳуда урыўы Израил елиниң қубла бөлиминдеги ең үлкен урыў болған. Патша Сулайманның өлиминен соң арқадағы он урыў қубладағы Яҳуда ҳәм Бенямин урыўларынан айырылып шықты. Яҳуда ҳәм Бенямин урыўлары өз алдына ел болып, Яҳуда патшалығы деп аталды. Бул елдиң пайтахты Ерусалим болды. Ески Келисимниң базы жерлеринде қубладағы бул еки урыў Яҳуда халқы деп айтылып, усы урыўлар жасаған жер, Яҳуда ели деп айтылған.

Б. э. ш. 586-жылы бабилониялылар Яҳуда елин басып алып, турғынларының көбисин Бабилонияға сүргин етип алып кеткен. Жетпис жылдан кейин, Персия империясы ҳүкимдарлығы дәўиринде сүргиндеги яҳудийлердиң базылары Яҳудаға қайтып келди. Олар Ерусалимдеги Ибадатхананы ҳәм қала дийўалларын қайта қурды. Ерусалим қаласының әтирапында жасап

атырған яҳудийлердиң жери Яҳуда патшалығынан кишкене еди (3Пат 12:17–12:24; 4Пат 25:18-21; Эзр 1:1-11; Нхм 1:1–2:8).

**яҳудий** – «Яҳудий» сөзи Яқып улы Яҳуданың атынан келип шыққан. Б. э. ш. 586-жылы бабилониялылар Яҳуда елин, яғный қубла патшалықты басып алып, турғынларының көбисин Бабилонияға сүргин етип алып кеткен. Бабилониядағы жетпис жыллық тутқынлық дәўиринде ҳәм оннан кейин «яҳудий» сөзи Яҳуда халқына ҳәм улыўма Израил урыўларының әўладларына қолланылып, миллет мәнисин билдиретуғын сөзге айланған (4Пат 25:25; Нхм 1:2; 13:23; Ерм 32:12; Эст 3:6; Мат 27:29; Елш 2:5).

**Яҳудия** – Бул ат тек ғана Жаңа Келисим китапларында қолланылған, әдетте Өли теңизиниң батыс тәрепиндеги төбешикли жерлерди билдиреди. Ески Келисим дәўиринде бул жерлер Яҳуда урыўына тийисли болған. Бул жер Александр Македонский тәрепинен басып алынғаннан соң «Яҳудия» деген ат пенен белгили болды. Жаңа Келисим дәўиринде «Яҳудия» Рим империясына кирген ўәлаят болған. Бул ўәлаяттың жери тек ғана Өли теңизиниң батыс тәрепиндеги жерлерди емес, ал арқадағы Самария жерин ҳәм батыстағы Жер Орта теңизи бойындағы жерлерди өз ишине алатуғын еди (Мат 4:25; 19:1; Лук 3:1; 23:5; Елш 10:37).

# Ески Келисимдеги өлшем бирликлер

Берилген өлшем бирликлердиң өлшемлери анық белгили емес. Олар ўақыттың өтиўи менен өзгерип барған ҳәм орынларда бир-биринен өзгешелиги болған.

| Аўырлық өлшеми | |
|---|---|
| Гера | 0,5 гр |
| Бекa | 5,5 гр |
| Шекел | 11 гр |
| Мина | 550 гр |
| Талант | 34 кг |

| Сыйымлық өлшеми | |
|---|---|
| Омер | 2,2 л |
| Сеа | 7,5 л |
| Эфа | 22 л |
| Кор/хомер | 220 л |

| Суйықлық өлшеми | |
|---|---|
| Лог | 0,3 л |
| Ҳин | 3,7 л |
| Бат | 22 л |

## Мухаддес шатыр



## Патша Сулайман қурдырған Ибадатхана



# Патша Ҳирод қурдырған Ибадатхана жойбары Ийса Масийх дәўиринде



## Патша Ҳирод қурдырған Ибадатхана
## Ийса Масийх дәўиринде



# Израил халқының тарийхы

## Бийлердиң дәўиринен Жаңа Келисим дәўирине шекем



# Израил халқының календары

**Пурим байрамы**
13-15-адар
Эст 9:20-32

**Қутқарылыў байрамы**
14-абиб
Шығ 12:1-14, 21-30, 43-51; Леб 23:5; Сан 28:16; Нзм 16:1-8

**Ашытқысыз нан байрамы**
15-21-абиб
Шығ 12:15-20; 23:15; 34:18; Леб 23:6-8; Сан 28:17-25; Нзм 16:3-8

**Ханука**
25-сәнеден басланып, 8 күн даўам еткен.
Б. э. ш. 164-жылғы Ибадатхананы қайта бағышлаған күнди белгилейди. Мухаддес Китапта Юхн 10:22 қысқа айтып өтиледи.

**Хәптелер байрамы**
Зүрәәт байрамы
6-7-сиўан
Шығ 23:16; 34:22; Леб 23:15-21; Сан 28:26-31; Нзм 16:9-12




**Қос байрамы**
Жыйын-терим байрамы
15-21-этаним
Шығ 23:16; 34:22; Леб 23:33-43; Сан 29:12-39; Нзм 16:13-15

**Айлардың атлары**
Қара менен жазылған төрт ат сүргиннен алдын қолланылған. Жасыл рең менен жазылған он еки ат болса, Бабилонияда сүргинде болған дәўирден баслап қолланылған бабилонша атамалар.

**Гүнадан пәклениў күни**
10-этаним
Леб 23:26-32; Сан 29:7-11

**Кәрнай байрамы**
1-этаним
Леб 23:23-25; Сан 29:1-6



**«Ленинград кодекси» Ески Келисимниң қолжазбаларынан**

Юнус пайғамбардың китабынан алынған бул еврейше қолжазба шама менен б. э. 1000-жыллары көширилген



**Эски Келисимниң «Қумран» қолжазбаларының бири**

Ийшая пайғамбардың китабынан алынған бул еврейше қолжазба шама менен б. э. ш. 100-жылларда көширилген



**Ески Келисимниң «Әййемги грекше аўдарма» қолжазбаларынан бир бөлек**

Ешуа китабынан алынған бул грекше қолжазба шама менен б. э. 200-жыллары көширилген



**Жаңа Келисимниң қолжазбаларынан «Папирус-52» деп аталған бөлек**

Юхан жазған Хош Хабардан алынған бул грекше қолжазба шама менен б. э. 125-жыллары көширилген



**«Кодекс Синайтикус» Жаңа Келисимниң қолжазбаларынан**
Матта жазған Хош Хабардан алынған бул грекше қолжазба
шама менен б. э. 340-жыллары көширилген


Әййемги дәўирдеги
Жақын Шығыс
Қара теңиз
Каспий теңизи
Әгей теңизи
КАФТОР
КИТТИМ
Жер Орта теңизи
ХЕТ ПАТШАЛЫҒЫ
АССИРИЯ
Тигр дәрьясы
Ниневия
Ашшур
МЕСОПОТАМИЯ
Евфрат дәрьясы
Харан
АРАМ
Алеппо
Угарит
Хамат
Гебал
Сидон
Тир
Дамаск
Шехем
Ерусалим
Хеброн
Беер-Шеба
КАНАН
Бабыл
Суза
КАЛДЕЙ
Ур
Арабстан шөли
Персия қолтығы
МЫСЫР
Нил дәрьясы
Қызыл теңиз
Ибрайымның жүрген жолы
Әййемги күдиретли патшалықлар
(шама менен б. э. ш. 1350-жыллар)
Мысыр патшалығының жери
Хет патшалығының жери
Бабилония патшалығының жери
0
125
250
500
километр


Израил халқының Мысырдан
шыққаннан кейин
жүрип өткен жолы
Жер Орта теңизи
ҚАНАН
Иордан дәрьясы
АММОН
Хешбон
Небо
тавы
Ерихо
Газа
Өли
теңиз
Нил дельтасы
Рамсес
Соан
ГОШЕМ
МОАБ
Шур
шөли
Зин
шөли
ЭДОМ
Суккот
Питом
Қадеш-
Барния
Пунон
Уллы ашшы
көл
МЫСЫР
Уон
Ноф
Паран
шөли
Иотбата
Эсион-Гебер
Мара
Син
шөли
Нил дәрьясы
Қызыл теңиз
Элим
Синай ярым
атавы
Хасерот
Ақаба қолтығы
МИДЯН
Шамалап белгиленген жол
Шамалап белгиленген басқа жол
Баслы савда жолы
Синай
(Хореб)
тавы
0
50
100
150
200
километр


Қанан ҳәм оның әтирапындағы жерлердиң тәбият картасы
Сидон
Дамаск
Литани дәрьясы
Хермон таўы
Тир
Акко тегислиги
Кармел таўы
Табор таўы
Киннерет көли
Изреел ойпатлығы
Ярмук дәрьясы
Гилбоа таўы
шығыстағы тегислик
Жер Орта теңизи
Шарон тегислиги
Эбал таўы
Геризим таўы
Иордан дәрьясы
Яббоқ дәрьясы
Эфрайымның таўлы үлкеси
Небо таўы
Ерусалим
Медеба тегислиги
Яҳуданың батысындағы тaў етеклери
Яҳуданың таўлы үлкеси
Яҳуда шөли
Өли теңиз
Арнон дәрьясы
Филистия тегислиги
Беер-Шеба
Зеред дәрьясы
Мысыр шегарасындағы сай
Негеб шөли
Сеир таўлары
0 20 40 60 80 100
километр
Әййемги дәўирдеги өсимлик дүньясы
Тоғайлар
Путалықлар ҳәм жайлаўлар
Оазис
Төбешиклер ҳәм шөллер
Киннерет көли
Иордан дәрьясы
Өли теңиз
Жыллық жаўын-шашын муғдары
1250 мм
1000 мм
750 мм
600 мм
500 мм
250 мм
125 мм
0 мм
Киннерет көли
Иордан дәрьясы
Өли теңиз
Таўлы үлкелер
Жер Орта теңизи
Теңиздиң бети
Киннерет көлиниң бети
Өли теңиздиң бети
Қанан елиниң шығыстан батысқа кеселеп көрсетилген кесими

## Он еки урыўдың жери




Ерусалим
патшалар дәўиринде
Дәўыттың қаласы
Сулайман қурдырған дийўал
Басқа патшалар қурдырған дийўал
Хананел минарасы
Ибадатхана
қурбанлық орын
Сарай
Кидрон сайы
Ойпатлық дәрўазасы
Гихон булағы
Дәўыттың қаласы
Шелах хәўизи
Хинном ойпатлығы
0
125
250
500
метр
Рогел булағы


Израил патшалығы
Шаул, Даўыт ҳәм
Сулайман дәўиринде
Евфрат дәрьясы
Тифсах
Хамат
Жер Орта теңизи
ФЕНИКИЯ
Сидон
Дамаск
Тир
Дан
Хасор
Дор
Гиладтағы Рамот
Ашдод
Ерусалим
Рабба
ФИЛИСТЛЕР ЕЛИ
Бейтлеҳем
Газа
Хеброн
Беер-Шеба
Өли теңиз
МОАБ
Қадеш-Барния
ЭДОМ
Эсион-Гебер
Шаул дәўиринде
Даўыт дәўиринде
Сулайман дәўиринде
0
50
100
150
200
250
километр
Қызыл теңиз
©UBS, 1999


Израил ҳәм Яҳуда патшалықлары
Израил жерлери (арқадағы патшалық)
Яҳуда жерлери (қубладағы патшалық)
Сидон
ФЕНИКИЯ
Дамаск
АРАМ
Дан
Тир
Хасор
Акко
Киннерет көли
Жер Орта теңизи
Мегиддо
Дор
Бейт-Шан
ИЗРАИЛ
Гиладтағы Рамот
Иордан дәръясы
Самария
Шехем
АММОН
Шило
Ашдод
Бейт-Эл
Рабба
Ерихо
Ерусалим
Ашкелон
Бейтлеҳем
Гат
Хеброн
Газа
Өли теңиз
ЯҲУДА
Беер-Шеба
МОАБ
ФИЛИСТЛЕР ЕЛИ
ЭДОМ
0
20
40
60
80
100
километр
Қадеш-Барния


Ассирия патшалығы
Ассирия патшалығының жери
(шама менен б. э. ш. 650 жыллар)
Каспий теңизи
МИДИЯ
Ахмета
Суза
ЭЛАМ
Персия қолтығы
Тигр дәрьясы
Бабилон
Ашшур
Ниневия
АССИРИЯ
Евфрат дәрьясы
Арабстан шөли
Харан
Каркемиш
Алеппо
Хамат
Рибла
Дамаск
Сидон
Тир
Самария
Ерусалим
Элат
Қызыл теңиз
Жер Орта теңизи
Соан
Ноф
Нил дәрьясы
МЫСЫР
0
125
250
500
километр


Бабилония патшалығы
Яҳуда халқы сүргин етилген дәўирде
Яхуда халқы сүргинге алып кетилген жол
Бабилония патшалығының жери
0 100 200 300
километр
4 Патшалар 24:10-16, 25:8-12
Еремия 52:28-34
Езекиел 3:15
Каспий теңизи
МИДИЯ
Загрос таў дизбеги
Ахмета
Суза
ЭЛАМ
БАБИЛОНИЯ
Бабилон
Ур
Кебар каналы
Персия қолтығы
АССИРИЯ
Тигр дәрьясы
Евфрат дәрьясы
Ниневия
Ашшур
Харан
Гозан
Каркемиш
Алеппо
Хамат
Рибла
Дамаск
Хермон таўы
Иордан дәрьясы
АММОН
Рабба
Сидон
Тир
Самария
Газа
Ерусалим
МОАБ
ЯҲУДА
ЭДОМ
Арабстан шөли
АРАМ
КИТТИМ
Жер Орта теңизи
Ноф
Элат
Синай ярым атаўы
Нил дәрьясы
МЫСЫР
Қызыл теңиз
Но (Но-Амон)


Персия патшалығы
Хиндукуш таў дизбеги
Хинд дәрьясы
Арабстан теңизи
Сырдәрья
Әмиўдәрья
СОГДИЯНА
БАКТРИЯ
Марв
ПАРФИЯ
Арал теңизи
ХОРЕЗМ
Каспий теңизи
Кавказ таў дизбеги
Арарат таўы
МИДИЯ
Ахмета
Суза
ЭЛАМ
ПЕРСИЯ
Персеполис
Ниневия
Тигр дәрьясы
Евфрат дәрьясы
Ашшур
Харан
Бабилон
БАБИЛОНИЯ
Ур
Арабстан шөли
Кара теңиз
Византия (хәзирги Истамбул)
Хамат
Дамаск
Сидон
Тир
Ерусалим
Қызыл теңиз
Нил дәрьясы
Но (Но-Амон)
Ноф
МЫСЫР
КИТТИМ
Жер Орта теңизи
КАФТОР
ЛИВИЯ
МАКЕДОНИЯ
Эфес
Афина
0 250 500
километр
Әхмийетли административлик орай
Персия патшалығының қорғаны
ПЕРСИС Ўәлаят атамасы
Патшалар жолы
Жол
Персия патшалығының жери


Александр Македонский патшалығы
Сайаш
Қамал
Александр жүрген жол
Александр Македонский патшалығының жери
0
250
500
километр
ИТАЛИЯ
Пелла
МАКЕДОНИЯ
Афина
КАФТОР
Жер Орта теңизи
Эфес
Византий (ҳәзирги Истамбул)
АЗИЯ
Қара теңиз
Анкара
КИТТИМ
Искендерия
Ноф
МЫСЫР
Но (Но-Амон)
Нил дәрьясы
ФЕНИКИЯ
Тир
Самария
Газа
Ерусалим
Дамаск
Алеппо
СИРИЯ
Харан
Ниневия
Тигр дәрьясы
Евфрат дәрьясы
Бабилон
Александр Македонскийдиң өлими (б. э. ш. 323 жыл)
Қызыл теңиз
Арабстан шөли
БАБИЛОНИЯ
Ур
Суза
Арарат тауы
Кавказ тау дизбеги
Каспий теңизи
МИДИЯ
Ахмета
Персия қолтығы
ПЕРСИЯ
Персеполис
ПАРФИЯ
ХОРЕЗМ
Арал теңизи
Әмиўдәрья
Сырдәрья
МАССАГЕТЛЕР ЖЕРИ
Марақанда (ҳәзирги Самарқанд)
Бухара
Марв
Ҳират
СОГДИЯНА
Хожанд
БАКТРИЯ
Балх
Ҳиндукуш тау дизбеги
Қабул
Хайбар шығарлығы
Қандаҳар
Ҳинд дәрьясы
ҲИНДИСТАН
Арабстан теңизи


Каспий теңизи
Кара теңиз
АССИРИЯ
Тигр дәрьясы
МЕСОПОТАМИЯ
Евфрат дәрьясы
БИТИНИЯ ХӘМ ПОНТУС
КАППАДОКИЯ
ГАЛАТИЯ
КИЛИКИЯ
Антиохия
СИРИЯ
КИПР
ЯХУДИЯ
Ерусалим
НАБАТЕЯ
Қызыл теңиз
МЫСЫР
Нил дәрьясы
Искендерия
АЗИЯ
ЛИКИЯ ХӘМ ПАМФИЛИЯ
Эфес
Афина
Салоника
МАКЕДОНИЯ
Коринф
АХАЯ
КРИТ
Кирене
ДАЛМАТИЯ
Дунай дәрьясы
Рейн дәрьясы
ИТАЛИЯ
Рим
Сиракуз
Жер Орта теңизи
Карфаген
АФРИКА
Атлантика океаны
Рим империясы
Рим империясының жери (бизиң эрамыздың 14-жылы)
Римге бағынышлы болған ел
Ўәлаят шегарасы
Рим империясының шегарасы (бизиң эрамыздың 116-жылы)
Рим жоллары
0 250 500
километр


Жер Орта теңизи
Сидон
Сарафат
СИРОФЕНИКИЯ/ФЕНИКИЯ
Лебанон таўы
Хермон таўы
Дамаск
Тир
Филип Кесариясы
ГАЛИЛА
Бетсайда
Хоразин
Капарнаҳум
Птолемайда
Галила көли
Магдала
Кармел таўы
Кана
Тиберия
Насыра
Наин
ДЕКАПОЛИС
Кесария
САМАРИЯ
Иордан дәрьясы
Самария
Сихар
Иоппа
Ариматия
Эфрайым
Лидда
Эммаус
Бейт-Эл
Ерихо
Ерусалим
ПЕРЕЯ
Азот
Бейтлеҳем
Бетания
ЯҲУДИЯ
Хеброн
Өли теңиз
Газа
Яхуда шөли
ИДУМЕЯ
Зин шөли
0
20
40
60
80
100
километр
Палестина
Ийса Масийх
дәўиринде


Ийса Масийх
дәўириндеги
Ерусалим
Дийўал
Баслы көшелер
Жоллар
Кесарияға
баратуғын жол
Иоппаға
баратуғын жол
Голгота
Бейтзата
хәўизи
Ерихоға
баратуғын
жол
Антония
қорғаны
Хәўиз
Гетсемани
Ибадатхана
Қорған
Зәйтүн
таўы
Ҳиродтың
сарайы
Ҳирод
Антипаның
сарайы
Иримтикшилер сайы
Кидрон сайы
Бас
руўханийдиң
үйи
Ийса Масийх
соңғы асын
усы жерде
жеген болыўы
мүмкин
Бетанияға
баратуғын
жол
Силоам
хәўизи
кишкене
хәўиз
Суў тармағы
Ҳинном
ойпатлығы
Өли
теңизге
баратуғын
жол
0
125
250
500
метр

## Павелдиң Хош Хабар тарқатыў мақсетинде қылған биринши сапары




## Павелдиң Хош Хабар тарқатыў мақсетинде қылған екинши сапары



## Павелдиң Хош Хабар тарқатыў мақсетинде қылған үшинши сапары




## Павелдиң Римге алып кетилиўи



МУХАДДЕС КИТАП
Библия на каракалпакском языке
The Bible in the Karakalpak language (ISO: kaa)

Баспаға рухсат етилди 30.08.2022
Қағаз форматы 60×90 1/16. Усл. печ. л. 127
Тиражы 2280 экз. Буйыртпа

Принткорп баспаханасында басып шығылды
ЛП № 02330/0056863 30.04.2004
220141, Беларусь, Минск, Ф. Скорины көшеси, 40